Holy Bible

Aionian Edition®

Kreyòl Ayisyen Bible

Haitian Creole Bible

Holy Bible Aionian Edition ®
Kreyòl Ayisyen Bible
Haitian Creole Bible

Creative Commons Attribution 4.0 International, 2018-2025
Source text: eBible.org
Source version: 4/18/2025
Source copyright: Public Domain
Translator unknown / Contributed by eBible.org, 1985

Formatted by Speedata Publisher 5.1.9 (Pro) on 6/3/2025
100% Free to Copy and Print
TOR Anonymously
https://AionianBible.org

Published by Nainoia Inc, https://Nainoia-Inc.signedon.net
All profits are given to https://CoolCup.org

We pray for a modern Creative Commons translation in every language
Translator resources at https://AionianBible.org/Third-Party-Publisher-Resources
Report content and format concerns to Nainoia Inc
Volunteer help is welcome and appreciated!

Celebrate Jesus Christ's victory of grace!

Prefas

Kreyòl Ayisyen at AionianBible.org/Preface

The *Holy Bible Aionian Edition* ® is the world's first Bible *un-translation*! What is an *un-translation*? Bibles are translated into each of our languages from the original Hebrew, Aramaic, and Koine Greek. Occasionally, the best word translation cannot be found and these words are transliterated letter by letter. Four well known transliterations are *Christ*, *baptism*, *angel*, and *apostle*. The meaning is then preserved more accurately through context and a dictionary. The Aionian Bible un-translates and instead transliterates eleven additional Aionian Glossary words to help us better understand God's love for individuals and all mankind, and the nature of afterlife destinies.

The first three words are *aiōn*, *aiōnios*, and *aïdios*, typically translated as *eternal* and also *world* or *eon*. The Aionian Bible is named after an alternative spelling of *aiōnios*. Consider that researchers question if *aiōn* and *aiōnios* actually mean *eternal*. Translating *aiōn* as *eternal* in Matthew 28:20 makes no sense, as all agree. The Greek word for *eternal* is *aïdios*, used in Romans 1:20 about God and in Jude 6 about demon imprisonment. Yet what about *aiōnios* in John 3:16? Certainly we do not question whether salvation is eternal! However, *aiōnios* means something much more wonderful than infinite time! Ancient Greeks used *aiōn* to mean *eon* or *age*. They also used the adjective *aiōnios* to mean *entirety*, such as *complete* or even *consummate*, but never infinite time. Read Dr. Heleen Keizer and Ramelli and Konstan for proofs. So *aiōnios* is the perfect description of God's Word which has *everything* we need for life and godliness! And the *aiōnios* life promised in John 3:16 is not simply a ticket to eternal life in the future, but the invitation through faith to the *consummate* life beginning now!

The next seven words are *Sheol*, *Hadēs*, *Geenna*, *Tartaroō*, *Abyssos*, and *Limnē Pyr*. These words are often translated as *Hell*, the place of eternal punishment. However, *Hell* is ill-defined when compared with the Hebrew and Greek. For example, *Sheol* is the abode of deceased believers and unbelievers and should never be translated as *Hell*. *Hadēs* is a temporary place of punishment, Revelation 20:13-14. *Geenna* is the Valley of Hinnom, Jerusalem's refuse dump, a temporal judgment for sin. *Tartaroō* is a prison for demons, mentioned once in 2 Peter 2:4. *Abyssos* is a temporary prison for the Beast and Satan. Translators are also inconsistent because *Hell* is used by the King James Version 54 times, the New International Version 14 times, and the World English Bible zero times. Finally, *Limnē Pyr* is the Lake of Fire, yet Matthew 25:41 explains that these fires are prepared for the Devil and his angels. So there is reason to review our conclusions about the destinies of redeemed mankind and fallen angels.

The eleventh word, *eleēsē*, reveals the grand conclusion of grace in Romans 11:32. Please understand these eleven words. The original translation is unaltered and a highlighted note is added to 64 Old Testament and 200 New Testament verses. To help parallel study and Strong's Concordance use, apocryphal text is removed and most variant verse numbering is mapped to the English standard. We thank our sources at eBible.org, Crosswire.org, unbound.Biola.edu, Bible4u.net, and NHEB.net. The Aionian Bible is copyrighted with creativecommons.org/licenses/by/4.0, allowing 100% freedom to copy and print, if respecting source copyrights. Check the Reader's Guide and read at AionianBible.org, with Android, and with TOR network. Why purple? King Jesus' Word is royal and purple is the color of royalty! All profits are given to CoolCup.org.

History

Kreyòl Ayisyen at AionianBible.org/History

06/21/75 - Two boys, P. and J., wonder if Jesus saves all and pray.
04/15/85 - Aionian Bible conceived as B. and J. pray.
12/18/13 - Aionian Bible announced as J. and J. pray.
06/21/15 - Aionian Bible birthed as G. and J. pray.
01/11/16 - AionianBible.org domain registered.
06/21/16 - 30 translations available in 12 languages.
12/07/16 - Nainoia Inc established as non-profit corporation.
01/01/17 - Creative Commons Attribution No Derivatives 4.0 license added.
01/16/17 - Aionian Bible Google Play Store App published.
07/01/17 - 'The Purple Bible' nickname begins.
07/30/17 - 42 translations now available in 22 languages.
02/01/18 - Holy Bible Aionian Edition® trademark registered.
03/06/18 - Aionian Bibles available in print at Amazon.com.
09/15/18 - Aionian Bible dedicated as J. and J. pray again.
10/20/18 - 70 translations now available in 33 languages.
11/17/18 - 104 translations now available in 57 languages.
03/24/19 - 135 translations now available in 67 languages.
10/28/19 - Aionian Bible nursed as another J. and J. pray.
10/31/19 - 174 translations now available in 74 languages.
02/22/20 - Aionian Bibles available in print at Lulu.com.
05/25/20 - Illustrations by Gustave Doré, La Grande Bible de Tours, Felix Just.
08/29/20 - Aionian Bibles now available in ePub format.
12/01/20 - Right to left and Hindic languages now available in PDF format.
03/31/21 - 214 translations now available in 99 languages.
11/17/21 - Aionian Bible Branded Leather Bible Covers now available.
12/20/21 - Social media presence on Facebook, Twitter, LinkedIn, YouTube, etc.
01/01/22 - 216 translations now available in 99 languages.
01/09/22 - StudyPack resources for Bible translation study.
01/23/22 - Volunteers celebrate with pie and prayer.
02/14/22 - Strong's Concordance from Open Scriptures and STEPBible.
02/14/23 - Aionian Bible published on the TOR Network.
12/04/23 - Eleēsē added to the Aionian Glossary.
02/04/24 - 352 translations now available in 142 languages.
05/01/24 - 370 translations now available in 164 languages.
08/05/24 - 378 translations now available in 165 languages.
08/18/24 - Creative Commons Attribution 4.0 International, if source allows.
10/20/24 - Gospel Primer handout format.
11/24/24 - Progressive Web Application off-line format.
01/28/25 - All profits are given to CoolCup.org.
03/12/25 - 382 translations now available in 166 languages.
05/04/25 - 393 translations now available in 175 languages.
05/27/25 - 462 translations now available in 229 languages.

Kontni Tab

ANSYEN TESTAMAN

Jenèz 1
Egzòd 33
Levitik 61
Resansman 83
Deteronòm 112
Jozye 137
Jij 154
Rit 170
1 Samyèl 173
2 Samyèl 194
1 Wa 212
2 Wa 232
1 Istwa 251
2 Istwa 270
Esdras 293
Neemi 301
Estè 312
Jòb 317
Sòm 334
Pwovèb 376
Eklezyas 391
Chante Salomon 396
Ezayi 399
Jeremi 434
Plenn 471
Ezekyèl 474
Danyèl 508
Oze 518
Jowèl 524
Amòs 526
Abdias 530
Jonas 531
Miche 533
Nawoun 537
Abakouk 539
Sofoni 541
Aje 543
Zakari 545
Malachi 551

NOUVO TESTAMAN

Matye 555
Mak 577
Lik 591
Jan 614
Travay 631
Ròm 653
1 Korint 664
2 Korint 675
Galasi 682
Efèz 686
Filip 690
Kolòs 693
1 Tesalonik 696
2 Tesalonik 699
1 Timote 701
2 Timote 704
Tit 706
Filemon 708
Ebre 709
Jak 717
1 Piè 720
2 Piè 723
1 Jan 725
2 Jan 728
3 Jan 729
Jid 730
Revelasyon 731

ANÈKS

Gid Lektè a
Glosè
Kats Jeyografik
Destine
Ilistrasyon, Doré

ANSYEN TESTAMAN



Se konsa, li te mete Adan deyò. Sou bò kote solèy leve nan jaden an, li mete kèk zanj cheriben ak yon manchèt klere kou dife nan men yo. Yo t'ap dragonnen nan tout direksyon pou anpeche moun pwoche bò pyebwa ki bay lavi a.

Jenèz 3:24

Jenèz

1 Nan konmansman, Bondye kreye syèl la ak latè a. **2** Men latè pa t' gen fòm, li pa t' gen anyen sou li. Fènwa te kouvri toupatou. Lespri Bondye t'ap plane sou dlo ki te kouvri tout latè. **3** Bondye di. Se pou limyè fèt. Epi limyè te fèt. **4** Bondye wè limyè a te bon. Bondye mete limyè a yon bò, li mete fènwa a yon lòt bò. **5** Bondye rele limyè a lajounen, li rele fènwa a lannwit. Yon lannwit pase, yon maten rive. Se te premye jou a. **6** Bondye di ankò. Se pou gen yon vout nan mitan dlo a pou separe dlo a an de. **7** Bondye fè vout la separe dlo a an de, yon pati anwo vout la, yon lòt pati anba l'. Se konsa sa te pase. **8** Bondye rele vout la syèl. Yon lannwit pase, yon maten rive. Se te dezyèm jou a. **9** Bondye di ankò. Se pou dlo ki anba syèl la sanble yon sèl kote pou kote ki sèk la ka parèt. Se konsa sa te pase. **10** Bondye rele kote ki sèk la tè. Li rele pil dlo a lanmè. Bondye gade sa l' te fè a, li wè l' bon. **11** Bondye di. Se pou tè a pouse tout kalite plant: zèb, plant ki bay grenn, pyebwa ki bay fwi ak tout grenn yo. Se konsa sa te pase. **12** Tè a pouse tout kalite plant: zèb, plant ki bay grenn, pyebwa ki bay fwi ak tout grenn yo. Bondye gade sa l' te fè a, li wè l' bon. **13** Yon lannwit pase, yon maten rive. Se te twazyèm jou a. **14** Bondye di ankò. Se pou limyè parèt nan syèl la pou separe lajounen ak lannwit. Y'a sèvi pou make jou yo, lanne yo ak sezon yo. **15** Y'a sèvi limyè nan syèl la pou klere tout latè a. Se konsa sa te pase. **16** Bondye fè de gwo limyè, pi gwo a pou kòmande sou lajounen, pi piti a pou kòmande sou lannwit. Li fè zetwal yo tou. **17** Li mete yo nan syèl la pou klere latè a, **18** pou kòmande sou lajounen ak sou lannwit, pou separe limyè ak fènwa. Bondye gade sa l' te fè a, li wè l' bon. **19** Yon lannwit pase, yon maten rive. Se te katriyèm jou a. **20** Bondye di ankò. Se pou dlo yo kale anpil anpil bèt vivan. Se pou zwazo vole nan syèl la anwo tè a. Se konsa sa te pase. **21** Bondye kreye gwo bèt lanmè yo, tout kalite bèt vivan k'ap naje nan dlo ansanm ak tout kalite zwazo. Bondye gade sa l' te fè a, li wè l' bon. **22** Bondye beni yo, li di. Fè pitit, fè anpil anpil pitit, plen dlo lanmè a. Se pou zwazo yo fè anpil anpil pitit tout sou tè a. **23** Yon lannwit pase, yon maten rive. Se te senkyèm jou a. **24** Bondye di ankò. Se pou tè a kale tout kalite bèt vivan, bèt yo gade, bèt ki trennen sou vant, bèt nan bwa. Se konsa sa te pase. **25** Bondye fè tout kalite bèt, bèt nan bwa, bèt yo gade, bèt ki trennen sou vant. Li gade sa l' te fè a, li wè l' bon. **26** Bondye di ankò. Ann fè moun. N'ap fè l' pòtre ak nou, pou li sanble ak nou. La gen pouvwa sou pwason ki nan lanmè yo, sou zwazo ki nan syèl la, sou tout bèt yo gade, sou tout latè, sou tout bèt nan bwa, sou tout bèt ki trennen sou vant sou tè a. **27** Bondye kreye moun. Li fè l' pòtre ak li. Li kreye yo gason ak fi. **28** Li ba yo benediksyon, li di. Fè pitit, fè anpil anpil pitit mete sou tè a. Donte tè a. Mwen ban nou pouvwa sou pwason ki nan lanmè, sou zwazo ki nan syèl la, ak sou tout bèt vivan k'ap mache sou tè a. **29** Bondye di. Gade. Mwen ban nou tout kalite plant ki bay grenn ak tout kalite pyebwa ki bay fwi ak grenn pou nou manje. **30** Men, tout bèt ki sou tè a, tout zwazo ki nan syèl la, tout bèt ki trennen sou vant, wi tout bèt vivan, m'ap ba yo zèb vèt pou yo manje. Se konsa sa te pase. **31** Bondye gade sa l' te fè a, li wè l' bon nèt. Yon lannwit pase, yon maten rive. Se te sizyèm jou a.

2 Konsa, Bondye te fin fè syèl la, latè a ansanm ak tout sa ki ladan yo. **2** Sou sis jou, Bondye te fin fè tout sa l' t'ap fè a. Setyèm jou a, li sispann travay. **3** Li beni setyèm jou a, li mete l' apa pou li, paske se jou sa a li te sispann travay apre li te fin kreye tout sa l' t'ap kreye a. **4** Se konsa sa te pase lè Bondye t'ap kreye syèl la ak latè a. Lè Seyè a, Bondye a, t'ap fè latè ansanm ak tou sa ki nan syèl la, **5** pa t' gen yon ti pyebwa sou tè a. Ankenn zèb pa t' ankò pouse nan jaden, paske Bondye pa t' voye lapli tonbe sou tè a. Lèfini, pa t' gen moun pou travay latè. **6** Men, yon vapè dlo leve soti nan tè a, li wouze tout tè a. **7** Lè sa a, Seyè a, Bondye a, pran pousyè tè, li fè yon nonm. Li soufle nan twou nen nonm lan pou l' ba li lavi. Epi nonm lan vin vivan. **8** Seyè a, Bondye a, plante yon jaden yon kote yo rele Edenn, bò kote solèy leve a. Se la li mete nonm li te fè a. **9** Seyè a, Bondye a, te fè tout kalite pyebwa leve nan jaden an, bèl pyebwa ki donnen fwi ki bon pou manje. Nan mitan jaden an te gen de gwo pyebwa. Yonn se te pyebwa ki bay lavi a, lòt la se te pyebwa ki fè moun konnen sa ki byen ak sa ki mal la. **10** Yon gwo larivyè soti nan peyi Edenn, li wouze jaden an. Larivyè a te fè kat branch. **11** Premye branch lan te rele Pichon. Se larivyè sa a ki wouze tout peyi Avila a, peyi kote yo jwenn anpil lò a. **12** Se nan peyi sa a yo jwenn pi bon lò ansanm ak pyebwa gonm arabik ak yon pyè wouj ki koute chè yo rele oniks. **13** Dezyèm larivyè a rele Giyon. Se li ki wouze tout peyi Kouch la. **14** Twazyèm larivyè a rele Tig. Se li ki pase nan peyi Lasiri, sou bò solèy leve a. Katriyèm larivyè a se Lefrat. **15** Seyè a, Bondye a, pran nonm lan, li mete l' nan jaden Edenn lan pou l' travay li, pou l' pran swen l'. **16** Seyè a, Bondye a, bay nonm lan lòd sa a. Ou mèt manje donn tout pyebwa ki nan jaden an. **17** Men, piga ou manje donn pyebwa ki fè moun konnen sa ki byen ak sa ki mal la. Paske, jou ou manje l', w'ap mouri. **18** Seyè a, Bondye a, di ankò. Sa pa bon pou nonm lan rete pou kont li. M'ap fè yon lòt moun sanble avè l' pou ede l'. **19** Se konsa, Seyè a, Bondye a, pran pousyè tè, li fè tout kalite zannimo ki nan savann ak tout kalite zwazo k'ap vole nan syèl la. Lè l' fini, li mennen yo bay nonm lan pou wè ki non li tapral ba yo. Se non li te ba yo a ki rete pou yo nèt. **20** Se konsa, nonm lan bay tout bèt yo gade, tout bèt nan bwa ak tout zwazo ki nan syèl la non yo. Men, pa t' gen yonn ki te sanble avè l', ki ta ka ede l'. **21** Lè sa a, Seyè a, Bondye a, fè dòmi pran nonm lan. Msye dòmi nèt ale. Pandan l'ap dòmi an, Bondye louvri bò kòt li, li wete yon zo kòt. Apre sa, li fèmen twou a byen fèmen. **22** Avèk zo kòt li te wete nan nonm lan, li fè yon fanm, li mennen l' ba li. **23** Lè nonm lan wè l', li di. Aa! Fwa sa a, men yonn ki menm jan

avè m'! Zo l' se zo mwen. Chè l' se chè mwen. Y'a rele l'
fanm, paske se nan gason li soti. **24** Se poutèt sa, gason
an va kite papa l' ak manman l' pou l' mete tèt li ansanm
ak madanm li, pou tout de fè yon sèl. **25** Nonm lan ak
madanm li te toutouni. Men, yo pa t' wont rete konsa.

3 Sèpan se bèt ki te pi rize nan tout bèt raje Seyè a,
Bondye a, te kreye. Li di fanm lan konsa. Eske Bondye
te janm di piga nou manje donn tout pyebwa ki nan jaden
an? **2** Fanm lan reponn sèpan an. Nou gen dwa manje
donn tout pyebwa ki nan jaden an. **3** Men, kanta pou
pyebwa ki nan mitan jaden an, Bondye di. Piga nou manje
ladan l', piga nou manyen l' menm. Sinon, n'ap mouri.
4 Lè sa a, sèpan an di fanm lan. Se pa vre. Nou p'ap
mouri kras. **5** Bondye di nou sa paske li konnen jou nou
manje ladan l', je nou va louvri. n'a vin tankou Bondye, n'a
konn sa ki byen ak sa ki mal. **6** Fanm lan gade, li wè jan
pyebwa a te bèl, jan fwi yo sanble yo ta bon nan bouch. Li
santi li ta manje ladan l' pou je l' ka louvri. Li keyi kèk fwi.
Li manje, li pote bay mari l' ki manje tou. **7** Manje yo fin
manje, je yo louvri, lè sa a, yo vin konnen yo toutouni. Yo
pran kèk fèy figfrans, yo koud yo ansanm, yo fè tanga
mete sou yo. **8** Jou sa a, solèy te fèk fin kouche lè nonm
lan ak madanm li tande vwa Seyè a, Bondye a, ki t'ap
pwonmennen nan jaden an. Y' al kache nan mitan pyebwa
ki nan jaden an pou Seyè a, Bondye a, pa wè yo. **9** Men,
Seyè a, Bondye a, rele nonm lan, li di l'. Kote ou ye? **10**
Nonm lan reponn li. Mwen tande vwa ou nan jaden an,
mwen pè. M al kache pou ou, paske mwen toutouni. **11**
Seyè a, Bondye a, di l'. Ki moun ki di ou te toutouni? Eske
ou te manje fwi pyebwa mwen te di ou pa manje a? **12**
Nonm lan reponn. Fanm ou te ban mwen an, se li menm
ki ban mwen fwi pyebwa a pou m' manje, epi mwen manje
l'. **13** Seyè a, Bondye a, mande fanm lan. Poukisa ou fè
sa? Fanm lan reponn li. Se pa mwen non! Se sèpan an wi
ki pran tèt mwen ki fè m' manje l'. **14** Seyè a, Bondye a, di
sèpan an konsa. Poutèt sa ou fè a, ou madichonnen nan
mitan tout bèt jaden ak tout bèt nan bwa. W'a rale sou
vant ou. W'a manje pousyè tè jouk jou ou mouri. **15** Ou
menm ak fanm lan, m'ap fè nou lènmi yonn ak lòt. Pitit
pitit pa l' ak pitit pitit pa ou ap lènmi tou. Pitit pitit li ap
kraze tèt ou, epi ou menm w'ap mòde l' nan talon pye l'.
16 Li di fanm lan. Lè w'ap fè pitit, m'ap fè soufrans ou vin
pi rèd. Wa gen pou soufri anpil lè w'ap akouche. W'ap
toujou anvi mari ou. Men, se mari ou ki va chèf ou. **17**
Apre sa li di Adan. Ou koute pawòl madanm ou, pa vre!
Ou manje fwi pyebwa mwen te ba ou lòd pa manje a.
Poutèt sa ou fè a, m'ap madichonnen tè a. W'a gen pou
travay di toutan pou fè tè a bay sa ou bezwen pou viv. **18**
Tè a va kale tout kalite pikan ak pengwen ba ou. W'a
manje fèy ki pouse nan raje. **19** Se swe kouraj ou ki pou
fè ou mete yon moso pen nan bouch ou jouk lè wa tounen
nan tè kote ou soti a. Paske, se pousyè ou ye, ou gen
pou tounen pousyè ankò. **20** Adan bay madanm li non, li
rele l' Ev, paske se li menm ki manman tout moun k'ap viv
sou tè a. **21** Lè sa a, Seyè a, Bondye a, pran po bèt, li fè
rad pou Adan ansanm ak madanm li, li biye yo. **22** Apre
sa, Seyè a, Bondye a, di. Koulye a, Adan vin konnen sa ki
byen ak sa ki mal tankou yonn nan nou. Nou p'ap kite l'
lonje men l' keyi fwi pyebwa ki bay lavi a pou l' manje l',
pou l' pa viv pou tout tan. **23** Se konsa, Seyè a, Bondye a,
mete Adan deyò nan jaden Edenn lan. Li voye l' al travay
tè, menm tè Bondye te pran pou fè l' la. **24** Se konsa, li te
mete Adan deyò. Sou bò kote solèy leve nan jaden an, li
mete kèk zanj cheriben ak yon manchèt klere kou dife
nan men yo. Yo t'ap dragonnen nan tout direksyon pou
anpeche moun pwoche bò pyebwa ki bay lavi a.

4 Lè sa a, Adan kouche ak Ev, madanm li. Madanm li vin
ansent. Li fè yon pitit gason, li rele l' Kayen, epi li di.
Avèk konkou Bondye, mwen gen yon gason. **2** Apre sa, li
fè Abèl, frè Kayen. Abèl te gadò mouton, Kayen menm te
travay latè. **3** Kèk tan apre sa, Kayen pran nan rekòt li, li
ofri bay Seye a. **4** Abèl menm, bò pa l', pran sa ki pi gra
nan premye pitit mouton l' yo, li ofri bay Seyè a. Seyè a te
kontan ofrann Abèl la. **5** Men, li pa t' asepte ofrann Kayen
an. Lè Kayen wè sa, li te move anpil. Li move, li mare figi
l' byen mare. **6** Lè sa a, Seyè a di Kayen. Poukisa ou
move konsa? Poukisa ou mare figi ou konsa? **7** Si sa ou
te fè a te byen, ou pa ta rive nan sitiyasyon sa a. Men,
paske ou fè sa ki mal, peche kouche nan papòt ou. L'ap
tann konsa lè pou l' pran tèt ou. Men, ou menm, se pou
ou kenbe tèt ak li. **8** Yon jou, Kayen di Abèl, frè li. Ann
al nan jaden. Vwala, antan yo nan jaden an, Kayen vire
sou frè li, li touye li. **9** Seyè a mande Kayen. Kote Abèl,
frè ou la? Kayen reponn. Mwen pa konnen. Eske ou te
mete m' veye l'? **10** Bondye di l' konsa. Kisa ou fè konsa?
San Abèl, frè ou, ki koule atè a, ap rele tankou yon vwa
moun. Li rive jouk nan zòrèy mwen. L'ap mande revanj.
11 Koulye a, tè ki te louvri bouch li pou l' te bwè san frè ou
ou te fè koule a, menm tè sa a ap tounen yon madichon
pou ou. **12** Lè w'a travay latè, li p'ap ba ou sa l' te dwe ba
ou. W'ap tounen yon vakabon k'ap plede mache toupatou
sou latè san rete. **13** Kayen di Seyè a: Chatiman an twòp
pou mwen. Mwen p'ap ka sipòte l'. **14** Men ou mete m'
deyò sou tè sa a koulye a, se kache pou m' al kache pou
ou pa wè m'. M'ap tounen yon vakabon k'ap plede mache
toupatou sou latè san rete. Nenpòt moun ki jwenn mwen
va touye m'. **15** Seyè a di: Non. Paske, si yon moun touye
Kayen, y'ap fè l' peye sa sèt fwa. Se konsa, li mete yon
siy sou Kayen pou moun pa touye l' si yo jwenn li. **16**
Apre sa, Kayen wete kò l' devan Seyè a, li al rete nan yon
peyi yo rele Nòd, lòt bò jaden Edenn lan, sou kote solèy
leve a. **17** Kayen kouche avèk madanm li. Madanm li vin
ansent, li fè yon ti gason yo rele Enòk. Apre sa, Kayen
bati yon vil, li rele l' Enòk. Li ba l' menm non ak pitit gason
l' lan. **18** Enòk te fè yon pitit gason yo rele Irad. Se Irad
sa a ki te papa Meoujaèl. Meoujaèl te papa Metouchaèl.
Se Metouchaèl ki te papa Lemèk. **19** Lemèk te gen de
madanm. Yonn te rele Ada, lòt la te rele Zila. **20** Se Ada
ki manman Jabal. Jabal sa a, se li menm ki zansèt tout
moun sa yo ki rete anba tant epi ki gade bèt. **21** Frè

menm manman ak li a te rele Joubal. Se li menm ki zansèt
tout moun sa yo k'ap jwe gita ak fif. **22** Zila menm bò pa l'
te manman Toubal Kayen, yon bòs fòjon ki te konn travay
kwiv ak fè. Toubal Kayen te gen yon sè menm manman
ak li ki te rele Naama. **23** Yon jou Lemèk di madanm li yo:
Ada ak Zila, koute sa m'ap di nou! Madanm mwen yo,
tande byen sa m'ap di nou! Mwen touye yon moun paske
li leve men li sou mwen. Mwen touye yon jenn gason
paske li mete san m' deyò. **24** Si yon moun touye Kayen
y'ap fè l' peye sa sèt fwa. Men, si yon moun touye m',
mwen menm Lemèk, y'ap fè l' peye sa swasanndisèt fwa.
25 Adan te kouche ak madanm li ankò. Madanm li fè yon
ti gason. Madanm lan di: Bondye ban m' yon lòt gason
pou ranplase Abèl Kayen te touye a. Li rele l' Sèt. **26** Sèt,
pou tèt pa l', vin gen yon pitit gason, li rele l' Enòk. Se lè
sa a moun konmanse fè sèvis pou Seyè a.

5 Men lis non pitit pitit Adan yo: Lè Bondye kreye moun,
li te fè yo pòtre avè l'. **2** Li kreye yo gason ak fi. Li
beni yo. Jou li kreye yo a, li rele yo moun. **3** Adan te
gen santrantan (130 an) lè li vin gen yon pitit gason ki
te sanble avè l' tèt koupe, li rele l' Sèt. **4** Apre nesans
Sèt, Adan viv witsanzan (800 an). Li te vin gen anpil
lòt pitit gason ak pitit fi. **5** Lè Adan mouri li te gen
nèfsantrantan (930 an). **6** Sèt te gen sansenkan (105
an) lè li vin gen yon pitit gason yo te rele Enòk. **7** Apre
nesans Enòk, Sèt viv witsansetan (807 an). Li te vin gen
anpil lòt pitit gason ak pitit fi. **8** Lè Sèt mouri, li te gen
nèfsandouzan (912 an). **9** Enòk te gen katrevendizan lè li
vin gen yon pitit gason yo rele Kenan. **10** Apre nesans
Kenan, Enòk viv witsankenzan (815 an). Li te vin gen
anpil lòt pitit gason ak pitit fi. **11** Lè Enòk mouri, li te gen
nèfsansenkan (905 an). **12** Kenan te gen swasanndizan
lè li vin gen yon pitit gason yo rele Malaleyèl. **13** Apre
nesans Malaleyèl, Kenan viv witsankarantan (840 an).
Li te vin gen anpil lòt pitit gason ak pitit fi. **14** Lè Kenan
mouri, li te gen nèfsandizan (910 an). **15** Malaleyèl te
gen swasannsenkan lè li vin gen yon pitit gason yo rele
Jerèd. **16** Apre nesans Jerèd, Malaleyèl viv witsantrantan
(830 an). Li te vin gen anpil lòt pitit gason ak pitit fi. **17** Lè
Malaleyèl mouri, li te gen witsankatrevenkenzan (895 an).
18 Jerèd te gen sanswanndezan (162 an) lè li vin gen yon
pitit gason yo rele Enòk. **19** Apre nesans Enòk, Jerèd viv
witsanzan (800 an). Li te vin gen anpil lòt pitit gason ak
pitit fi. **20** Lè Jerèd mouri, li te gen nèfsanswasanndezan
(962 an). **21** Enòk te gen swasannsenkan lè li vin gen
yon pitit gason yo rele Metouchela. **22** Apre nesans
Metouchela, Enòk te mache byen ak Bondye pandan
twasanzan (300 an). Li te vin gen anpil lòt pitit gason
ak pitit fi. **23** Li te gen twasanswasannsenkan (0365
an) lè l' disparèt, paske Bondye te pran l' avè l'. **24**
Enòk te pase tout vi l' ap mache byen ak Bondye. **25**
Metouchela te gen sankatrevensètan (187 an) lè li vin gen
yon pitit gason yo rele Lemèk. **26** Apre nesans Lemèk,
Metouchela viv sètsankatrevendezan (782 an). Li te vin
gen anpil lòt pitit gason ak pitit fi. **27** Lè Metouchela mouri,
li te gen nèfsanswantnevan (969 an). **28** Lemèk te gen
sankatrevendezan (182 an) lè li vin gen yon pitit gason.
29 Li rele l' Noe. Li di konsa: Pitit sa a va soulaje nou anba
tout travay di n'ap fè, anba gwo travay nou blije fè avèk
men nou paske Seyè a te madichonnen tè a. **30** Apre
nesans Noe, Lemèk viv senksankatrevenkenzan (595 an).
Li te vin gen anpil lòt pitit gason ak pitit fi. **31** Lè Lemèk
mouri, li te gen sètsanswasanndisetan (777 an). **32** Noe
te gen senksanzan (500 an) lè li vin gen twa pitit gason:
Sèm, Kam ak Jafè.

6 Lè sa a, moun te konmanse ap fè anpil anpil pitit sou
latè. Yo te vin gen anpil pitit fi. **2** Pitit gason Bondye
yo te wè jan pitit fi lèzòm yo te bèl. Se konsa, nan fi yo
te renmen yo, yo pran ladan yo pou madanm yo. **3** Lè
Seyè a wè sa, li di: Mwen p'ap kite lèzòm viv pou tout
tan, paske se moun ase yo ye. Se sanventan (120 an)
sèlman pou yo viv. **4** Lè sa a, epi pandan lontan apre
sa, te vin gen sou latè yon ras moun wo anpil: se te pitit
pitit fi lèzòm yo te fè pou pitit gason bondye yo. Se yo
ki te vanyan gason nan tan lontan yo, kifè tout moun
t'ap nonmen non yo. **5** Seyè a wè jan lèzòm te mechan
toupatou sou latè, ki jan tout lajounen se move lide ase ki
te nan tèt yo. **6** Li vin règrèt li te fè moun sou latè. Kè l'
vin sere ak lapenn. **7** Seyè a di: Mwen pral disparèt tout
moun mwen te kreye yo, san kite yonn. Epi m'ap detwi
ansanm ak yo tout tou bèt kat pat, tout bèt ki trennen sou
vant ak tout zwazo k'ap vole nan syèl, paske mwen règrèt
anpil dèske mwen te fè yo. **8** Men, Noe te fè Bondye
plezi. **9** Men pitit pitit Noe yo. Nan tout moun ki t'ap viv lè
sa a, Noe te sèl moun ki t'ap mache dwat devan Bondye,
ki pa t' nan anyen ki mal. Li t'ap mache byen ak Bondye.
10 Li te gen twa pitit gason: Sèm, Kam ak Jafè. **11** Men,
tout lòt moun yo te fin pouri devan Bondye. Toupatou sou
latè se te mechanste sou mechanste. **12** Bondye gade
latè, li wè l' te fin pouri, paske tout moun sou latè te fin
pèvèti. **13** Lè sa a, Bondye di Noe konsa: Mwen deside
pou m' fini ak tout moun, paske se yo ki lakòz toupatou
sou latè se mechanste ase. Wi, mwen pral detwi yo nèt
ansanm ak tout sa ki sou latè. **14** Fè yon gwo batiman
pou ou ak bwa pichpen. W'a fè anpil ti chanm ladan l'.
W'a badijonnen l' byen badijonnen anndan kou deyò avèk
goudwon. **15** Men ki jan pou ou fè l': Batiman an va gen
katsansenkant (450) pye longè, swasannkenz pye lajè, ak
karannsenk pye wotè. **16** W'a mete yon twati sou batiman
an. W'a kite yon espas dizwit pous ant twati a ak rebò a.
W'a louvri yon sèl pòt sou kote batiman an. W'a mete yon
etaj anba, yon etaj nan mitan, yon etaj anwo. **17** Mwen
pral voye yon gwo inondasyon dlo sou latè pou detwi tout
sa k'ap viv anba syèl la. tout sa ki sou latè pral peri. **18**
Men, m'ap fè yon kontra avè ou. W'a antre nan batiman
an, ou menm, pitit gason ou yo, madanm ou ansanm ak
madanm pitit ou yo. **19** W'a pran avèk ou tout yon pè nan
tout kalite bèt, yon mal ak yon fenmèl. Wa fè yo antre nan
batiman an ansanm ak ou pou yo pa mouri. **20** Konsa,

nan tout kalite zwazo, nan tout kalite bèt domestik, nan
tout kalite bèt ki trennen sou vant yo, gen yon pè nan chak
kalite ki va vin jwenn ou pou yo pa mouri. 21 Ou menm bò
pa ou, ranmase tout kalite manje, mezi ou kapab. Fè yon
bèl pwovizyon mete la pou ou ka jwenn manje pou ou
manje ansanm ak tout bèt yo tou. 22 Se konsa Noe fè
tout sa Bondye te ba li lòd fè a. Wi, se sa menm li te fè.

7 Seyè a di Noe: Antre nan gwo batiman an, ou menm
ansanm ak tout fanmi ou, paske, nan tout moun k'ap
viv koulye la a, se ou menm sèl mwen wè k'ap mache
dwat devan mwen. 2 Nan tout bèt ki bon pou moun
manje, w'a pran sèt mal ak sèt fenmèl nan chak kalite.
Nan tout bèt ki pa bon pou moun manje, w'a pran yon mal
ak yon fenmèl nan chak kalite. 3 Konsa tou, pou zwazo
k'ap vole nan syèl la, w'a pran sèt mal ak sèt fenmèl nan
chak kalite, pou ras la pa disparèt sou latè. 4 Paske, nan
sèt jou ankò, m'ap fè yon sèl lapli tonbe sou latè pandan
karant jou karant nwit. M'ap disparèt tout moun ak tout bèt
mwen te fè mete sou latè. 5 Noe fè tout sa Seyè a te ba li
lòd fè a. 6 Noe te gen sisanzan (600 an) lè inondasyon
an te fèt sou latè. 7 Li antre nan batiman an, li menm, pitit
gason li yo, madanm li ansanm ak madanm pitit li yo pou
yo te ka chape anba inondasyon an. 8 tout kalite bèt, kit
sa ki bon pou moun manje, kit sa ki pa bon pou moun
manje, tout zwazo, tout bèt ki trennen sou vant, 9 yo
tout yo vin jwenn Noe nan batiman an, de pa de, mal ak
fenmèl, jan Bondye te bay Noe lòd la. 10 Sou sèt jou vre,
dlo kouvri tout latè. 11 Jou ki fè Noe sisanzan (600 an),
yon mwa, disèt jou, tout sous nan fon lanmè a pete. Syèl
la menm louvri, li konmanse vide dlo sou tè a. 12 Lapli
tonbe san rete pandan karant jou karant nwit. 13 Menm
jou sa a, Noe, madanm li, pitit gason l' yo, Sèm, Kam
ak Jafè, ansanm ak madanm yo antre nan batiman an,
14 ansanm ak tout kalite bèt domestik, tout kalite bèt ki
trennen sou vant ak tout kalite zwazo, tout kalite ti zwazo,
tout kalite bèt ki gen zèl. 15 Yo tout yo te vin jwenn Noe
nan batiman an, de grenn nan chak kalite bèt vivan ki sou
latè. 16 Se konsa, yon mal ak yon fenmèl nan chak kalite
bèt vivan antre nan batiman an, jan Bondye te bay lòd la.
Epi Bondye fèmen pòt la dèyè Noe. 17 Pandan karant
jou, dlo kouvri tout tè a. Dlo yo gonfle, yo fè batiman an
pèdi tè. 18 Dlo yo ranfòse, yo gonfle pi rèd sou tè a jouk
batiman an t'ap flote nèt sou dlo a. 19 Dlo a moute pi rèd
toujou anwo tè a, li kouvri tèt tout gwo mòn ki anba syèl
la. 20 Dlo a moute vennsenk pye depase tèt mòn yo. 21
Lè sa a, tout bèt sou latè mouri: zwazo, bèt domestik,
zannimo, tout bèt ki trennen sou vant yo, ansanm ak tout
moun. 22 tout bèt vivan ak tout moun sou latè mouri. 23
Se konsa, Seyè a detwi tout bèt, tout sa ki te sou latè,
depi ou tande se moun jouk zannimo domestik, bèt ki
trennen sou vant ak zwazo k'ap vole nan syèl la. Yo tout
yo disparèt sou latè. Sèl moun ki te rete se te Noe avèk
lòt moun ki te nan batiman an ansanm ak li yo. 24 Apre
sa, dlo a rete anwo tè a pandan sansenkant (150) jou.

8 Men, Bondye vin chonje Noe ansanm ak tout bèt bwa
ak zannimo domestik ki te avè l' nan batiman an.
Bondye fè yon van soufle sou latè, epi dlo yo konmanse
bese. 2 Sous dlo ki nan fon lanmè a te sispann bay dlo.
Syèl la sispann bay dlo tou. Lapli sispann tonbe. 3 Dlo yo
menm t'ap bese, yo t'ap bese piti piti. Se sou sansenkant
(150) jou dlo yo te konmanse bese. 4 Sou sis mwa disèt
jou, batiman an fè tè sou tèt mòn Arara yo. 5 Dlo yo t'ap
bese toujou jouk sou dizyèm mwa a. Sou premye jou
dizyèm mwa a, tèt mòn yo parèt. 6 Karant jou apre sa,
Noe louvri fennèt li te fè nan batiman an. 7 Li lage yon
kònèy. Kònèy la soti. li ale vini, li ale vini jouk dlo a te fin
cheche nèt sou latè. 8 Apre sa, li lage yon pijon, pou
l' wè si dlo a te fin bese sou tè a. 9 Men, pijon an pa
t' jwenn kote pou l' poze. Li tounen vin jwenn Noe nan
batiman an, paske te gen dlo sou tout latè toujou. Noe
lonje men l', li pran pijon an, li fè l' antre nan batiman
an ankò. 10 Li tann sèt jou pase. Apre sa, li lage pijon
an yon dezyèm fwa, li fè l' soti nan batiman an. 11 Vè
aswè konsa, pijon an tounen vin jwenn li. Men, fwa sa a, li
te gen yon fèy oliv tout vèt nan bèk li. Konsa, Noe vin
konnen dlo a te bese sou tout latè. 12 Li tann sèt jou
pase anvan li lage pijon an ankò. Fwa sa a menm pijon
an pa t' tounen vin jwenn li ankò. 13 Se konsa, lè Noe
te gen sisan ennan (601 an), nan premye jou premye
mwa lanne jwif yo, dlo a te fin bese nèt sou latè. Noe
dekouvri batiman an, li voye je l' gade, li wè tout tè a te
chèch. 14 Sou vennsetyèm jou dezyèm mwa a, tè a te
fin chèch nèt. 15 Lè sa a, Bondye di Noe: 16 -Soti nan
batiman an, ou menm, madanm ou, pitit ou yo ansanm ak
madanm pitit ou yo. 17 Fè tout bèt yo soti tout ansanm
avèk ou, zwazo yo, zannimo domestik yo, tout bèt k'ap
trennen sou vant yo. Se pou yo fè pitit, fè anpil pitit pou
mete sou tè a ankò. 18 Se konsa Noe soti nan batiman
an ansanm ak madanm li, pitit li yo ak madanm pitit li yo.
19 tout bèt bwa yo, tout zannimo domestik yo, tout bèt
k'ap trennen sou vant yo, tout zwazo yo, yo tout yo soti
nan batiman an tou. 20 Noe bati yon lotèl. Li pran yonn
nan chak kalite bèt ak zwazo ki bon pou moun manje, li
touye yo, li boule yo nèt sou lotèl la. 21 Lè Bondye pran
bon sant lan, sa te fè l' plezi. Li di nan kè l' -Mwen p'ap
janm bay tè a madichon ankò poutèt sa lèzòm fè, paske
depi yo jenn, se move lide ase ki nan kè yo. Mwen p'ap
janm detwi tout bèt vivan yo ankò, jan mwen sot fè l' la.
22 Toutotan latè a la, va gen yon lè pou plante, yon lè pou
rekòlte, va gen sezon fredi ak sezon chalè, va gen sezon
sèk, ak sezon lapli, va gen lajounen, va gen lannwit. Wi,
toutotan latè a la, bagay sa yo p'ap janm sispann.

9 Bondye beni Noe ak pitit li yo, li di yo. Fè pitit, fè anpil
anpil pitit mete sou tè a. 2 Se pou tout zannimo sou
latè, tout zwazo ki nan syèl la, tout bèt vivan ki sou latè,
tout pwason ki nan lanmè bese tèt devan nou. Se pou yo
pè nou. Mwen ban nou pouvwa sou yo tout. 3 Koulye
a, nou gen dwa manje tout kalite bèt vivan k'ap mache,
tout kalite fèy vèt. Mwen ban nou tout pou manje. 4

Tansèlman, se pa pou n' manje vyann ak tout san ladan l',
paske san yon bèt se nanm li. 5 Konprann sa byen: si
yon moun touye nou, m'ap fè l' rann mwen kont. M'ap fè
tout bèt ki touye nou rann mwen kont. tout moun ki touye
moun parèy yo gen pou rann mwen kont. 6 Si yon moun
touye yon moun, yon lòt moun gen pou touye l' tou, paske
Bondye kreye moun pòtre ak li. 7 Nou menm, se pou nou
fè pitit, anpil pitit. Gaye kò nou toupatou sou latè, pou pitit
nou yo toujou fè anpil pitit tou. 8 Bondye pale ankò ak
Noe ansanm ak pitit li yo, li di yo: 9 -Men m'ap pase yon
kontra ak nou tout ansanm ak tout pitit pitit k'ap vin apre
nou yo. 10 M'ap pase kontra a ak tout bèt vivan ki la avèk
nou yo, zwazo, zannimo domestik, bèt nan bwa, avèk tout
sa ki soti nan batiman an pou peple sou latè ankò. 11 Wi,
m'ap pase kontra mwen ak nou: mwen pwomèt pou m' pa
janm voye gwo inondasyon ankò pou detwi tout moun ak
tout bèt vivan yo. Konsa, p'ap janm gen gwo inondasyon
ankò pou ravaje latè. 12 Bondye di ankò-Kontra m'ap
pase avèk nou ansanm ak tout bèt vivan ki la avèk nou
yo, se yon kontra k'ap la pou tout tan. M'ap ban nou yon
siy pou li. 13 M'ap mete lakansyèl mwen nan syèl la. Men
siy m'ap ban nou pou kontra mwen pase ak latè a. 14
Chak fwa m'a fè nwaj yo konmanse sanble, lakansyèl la
va parèt nan syèl la. 15 Lè sa a, m'a chonje kontra mwen
te fè avèk nou ansanm avèk tout kalite bèt vivan yo. p'ap
janm gen gwo inondasyon ankò ki pou detwi tout moun ak
tout bèt k'ap viv sou latè. 16 Lè lakansyèl la va parèt nan
syèl la, m'a wè l', m'a chonje kontra mwen te pase pou
tout tan ak tout moun ansanm ak tout kalite bèt k'ap viv
sou latè. 17 Sa se siy kontra mwen pase ak tout moun
ansanm ak tout bèt k'ap viv sou latè. Se konsa Bondye
te pale ak Noe. 18 Men non pitit Noe yo ki te soti nan
batiman an: Sèm, Kam ak Jafè. Kam se te papa Kanaran.
19 Se twa pitit Noe sa yo ki peple mete moun sou tout latè.
20 Noe se premye moun ki travay latè. Li plante yon jaden
rezen. 21 Yon jou, apre li te fin bwè diven, li sou. Li wete
tout rad sou li, li kouche toutouni anba tant li. 22 Lè Kam,
papa Kanaran, wè papa l' toutouni, li ale di de frè l' yo sa.
23 Men, Sèm ak Jafè pran yon gwo rad, yo chak pran yon
bout, yo pase l' dèyè do yo, yo kenbe l' anwo zepòl yo. Yo
mache pa do, yo antre, yo kouvri papa yo san yo pa janm
vire tèt yo gade dèyè. Konsa yo pa wè papa yo toutouni.
24 Lè Noe soti anba toudisman diven l' lan, yo di l' sa
dezyèm pitit gason l' lan te fè l'. 25 Li di. Madichon pou
Kanaran! Se pou l' tounen dènye klas esklav frè l' yo. 26
Li di ankò. Lwanj pou Seyè a, Bondye Sèm lan. Se pou
Kanaran tounen esklav Sèm. 27 Se pou Bondye mete sou
byen Jafè yo. Se pou pitit pitit Jafè yo viv byen ak pitit
Sèm yo. Se pou Kanaran tounen esklav yo. 28 Apre gwo
inondasyon an, Noe viv twasansenkantan (350 an). 29 Lè
l' mouri, li te gen nèfsansenkantan (950 an).

10 Apre gwo inondasyon an, pitit Noe yo, Sèm, Kam
ak Jafè, te fè pitit. Men non pitit gason yo te fè. 2
Men pitit gason Jafè yo: Se te Gomè, Magòg, Madayi,
Javan, Toubal, Mechèk ak Tiras. 3 Gomè te fè twa pitit
gason. Achkenaz, Rifat ak Togama. 4 Se Javan ki te papa
Elicha, Tasis, Kitim ak Wodanim. 5 Se tout pitit ak pitit
pitit Jafè yo sa ki zansèt tout moun k'ap viv nan zile yo,
yo chak sou tè pa yo, yo chak ak lang pa yo. Yo t'ap viv
ansanm, fanmi ak fanmi, nasyon ak nasyon. 6 Men pitit
gason Kam yo. Se te Kouch, Mizrayim, Pout ak Kanaran.
7 Kouch te fè senk pitit gason: Seba, Avila, Sabta, Rama
ak Sabteka. Rama menm te gen de pitit gason: Seba ak
Dedan. 8 Kouch te gen yon lòt pitit gason yo te rele:
Nimwòd. Nimwòd sa a, se premye moun ki te gwo chèf
sou latè. 9 Se te yon gwo chasè devan Seyè a. Se poutèt
sa yo di. Gwo chasè devan Bondye tankou Nimwòd. 10
Nan peyi kote li t'ap gouvènen an te gen lavil sa yo: Babèl,
Erèk, Akad, Kalne nan peyi Chenea. 11 Apre sa, li kite
peyi a, li ale lavil Asou. Men lavil li bati yo: Neniv, Reobòt-
Ir, Kalak. 12 Lèfini, li bati lavil Rezèm ant Neniv ak Kalak.
Kalak sa a te yon gwo lavil. 13 Mizrayim fè pitit. Se yo ki
zansèt moun peyi Lidi, peyi Anan, peyi Leyab ak peyi
Naftou, 14 peyi Patwous, peyi Kaslou ak peyi Kaftò. Se
nan peyi Kaslou sa a moun Filisti yo soti. 15 Premye pitit
Kanaran se te Sidon. Apre sa vin Et. 16 Se Kanaran tout
ki papa Jebis, Amori, Gigach, 17 Evi, Aka, Seni, 18 Avad,
Zema, Amat. Apre sa tout fanmi Kanaran yo gaye. 19
Lizyè tè moun Kanaran yo pati depi lavil Sidon, li mete tèt
sou Gera jouk li rive Gaza. Apre sa, li vire sou Sodòm ak
Gomò, Adma ak Seboyim jouk li rive Lecha. 20 Se tout
pitit ak pitit pitit Kam yo sa, yo chak sou tè pa yo, yo chak
ak lang yo. Yo t'ap viv ansanm, fanmi ak fanmi, nasyon ak
nasyon. 21 Sèm te gran frè Jafè. Li te gen anpil pitit tou.
Se li ki te zansèt tout pitit Ebè yo. 22 Men pitit gason Sèm
yo. Se te Elam, Asou, Apachad, Lidi ak Aram. 23 Men pitit
Aram yo. Se te Ouz, Oul, Getè ak Mach. 24 Se Apachad
ki te papa Chelak. Chelak menm te papa Ebè. 25 Ebè te
gen de pitit gason. Yonn te rele Pelèg, paske se nan tan li
moun sou latè te divize yonn ak lòt. Yo te rele frè l' la
Joktan. 26 Joktan te papa Almodad, Chelèf, Azmavèt,
Jerak, 27 Adoram, Ouzal, Dikla, 28 Obal, Abimayèl, Seba,
29 Ofi, Avila ak Jobab. Yo tout se pitit Joktan yo te ye. 30
Tè kote yo t'ap viv la te pran depi lavil Mecha, li moute
kote lavil Sefa, jouk mòn ki bò kote solèy leve a. 31 Se
tout pitit ak pitit pitit Sèm yo sa, yo chak sou tè pa yo, yo
chak ak lang pa yo. Yo t'ap viv ansanm, fanmi ak fanmi,
nasyon ak nasyon. 32 tout moun sa yo se branch fanmi
pitit Noe yo, dapre zansèt yo, nasyon pa nasyon. Apre
gwo inondasyon an, tout nasyon ki sou latè soti nan pitit
Noe yo.

11 Nan konmansman, tout moun sou latè te pale yon
sèl lang, yonn te konprann lòt. 2 Apre yo pati soti
kote solèy leve a, yo rive nan yon plenn nan peyi Chenea.
Yo moute kay yo la, yo rete. 3 Lè sa a, yonn di lòt.
Mezanmi, vini non! Ann fè brik. Ann kwit yo nan dife. Se
konsa, yo pran brik sèvi wòch pou bati kay, yo pran asfat
sèvi mòtye. 4 Apre sa, yo di. Annou wè! Ann bati yon gwo
lavil pou nou rete ak yon gwo gwo kay tout won byen wo
ki rive jouk nan syèl la. Konsa tout moun va respekte nou,

yo p'ap ka gaye nou toupatou sou latè. 5 Seyè a desann
pou l' wè lavil la ansanm ak gwo kay won moun yo t'ap
bati a. 6 Epi li di. Koulye a, gade! Yo tout fè yon sèl pèp.
Yo tout yo pale yon sèl lang. Gade sa yo konmanse ap fè.
Talè konsa y'ap pare pou yo fè sa yo vle. 7 Bon. N'ap
desann, n'ap mele lang yo. Konsa, yonn p'ap ka konprann
sa lòt ap di. 8 Se konsa Seyè a gaye yo toupatou sou
latè. Yo sispann bati lavil la. 9 Se poutèt sa yo rele lavil la
Babèl, paske se la Seyè a te mele lang tout moun ki rete
sou latè, li fè yo pati, li gaye yo toupatou sou latè. 10 Men
pitit pitit Sèm yo. Dezan apre inondasyon an, Sèm te gen
santan (100 an) lè li fè yon pitit gason yo rele Apachad.
11 Apre sa, li viv senksanzan (500 an) ankò. Li te fè lòt
pitit gason ak pitit fi. 12 Apachad te gen trannsenkan lè
li te fè yon pitit gason yo rele Chela. 13 Apre sa, li viv
katsantwazan (403 an) ankò. Li te fè lòt pitit gason ak pitit
fi. 14 Chela te gen trantan lè li fè yon pitit gason yo rele
Ebè. 15 Apre sa, li viv katsantwazan (403 an) ankò. Li
te fè lòt pitit gason ak pitit fi. 16 Ebè te gen trannkatran
lè li fè yon pitit gason yo rele Pelèg. 17 Apre sa, li viv
katsantrantan (430 an). Li te fè lòt pitit gason ak pitit fi.
18 Pelèg te gen trantan lè li fè yon pitit gason yo rele
Reou. 19 Apre sa, li viv desannevan (209 an) ankò. Li te
fè lòt pitit gason ak pitit fi. 20 Reou te gen tranndezan lè
li fè yon pitit gason yo rele Sewoug. 21 Apre sa, li viv
desansetan (207 an) ankò. Li fè lòt pitit gason ak pitit
fi. 22 Sewoug te gen trantan lè li fè yon pitit gason yo
rele Nakò. 23 Apre sa, li viv desanzan (200 an) ankò. Li
te fè lòt pitit gason ak pitit fi. 24 Nakò te gen ventnevan
lè li fè yon pitit gason yo rele Terak. 25 Apre sa, li viv
sandiznevan (119 an) ankò. Li te fè lòt pitit gason ak pitit
fi. 26 Terak te gen swasanndizan lè li fè twa pitit gason
yo rele Abram, Nakò ak Aran. 27 Men pitit ak pitit pitit
Terak yo: Terak te papa Abram, Nakò ak Aran. Aran te
papa Lòt. 28 Aran mouri anvan papa l'. Li mouri lavil Our
nan peyi Kalde kote l' te fèt la. 29 Abram ak Nakò te fè
pozisyon. Abram marye ak Sarayi, Nakò marye ak Milka,
pitit fi Aran. Aran te gen yon lòt pitit ankò yo te rele Jiska.
30 Sarayi pa t' gen pitit, li pa t' ka fè pitit. 31 Terak pran
pitit li, Abram, pitit pitit li, Lòt, ki te pitit Aran, ansanm ak
bèlfi li Sarayi ki te madanm Abram, pitit li. Li pati ak yo, li
kite lavil Our nan peyi Kalde pou li ale nan peyi Kanaran.
Men lè yo rive lavil Karan, yo te rete la. 32 Se la Terak
mouri. Li te gen desansenkan (205 an).

12 Seyè a di Abram konsa. Pati, kite peyi ou la. Kite
tout fanmi ou. Kite kay papa ou, ale nan peyi m'a
moutre ou la. 2 M'ap ba ou anpil pitit pitit. Y'a tounen
yon gwo nasyon. m'a beni ou. Y'a nonmen non ou
toupatou; w'a sèvi yon benediksyon pou tout moun. 3
M'ap voye benediksyon mwen sou tout moun ki va mande
benediksyon pou ou. Men, m'ap madichonnen tout moun
ki va ba ou madichon. Gremesi ou, tout nasyon sou latè
va jwenn benediksyon. 4 Abram pati jan Seyè a te di l' la.
Lòt pati ansanm avè l' tou. Abram te gen swasannkenzan
lè li kite Karan. 5 Abram pran Sarayi, madanm li, Lòt,
pitit frè li a, ansanm ak tout byen li te genyen ak tout
domestik li te gen avè l' nan lavil Karan, yo tout yo pati
pou Kanaran. Yo rive nan peyi a. 6 Abram mache nan tout
peyi a, jouk li rive kote yo rele Sichèm, bò pye bwadchenn
More a. Lè sa a se moun Kanaran yo ki te rete nan peyi
a. 7 Abram fè yon vizyon, li wè Seyè a ki di l'. Men peyi
m'ap bay pitit pitit ou yo a. Se la Abram bati yon lotèl pou
Seyè a ki te parèt devan li nan vizyon an. 8 Apre sa, li
pati ankò, li ale nan mòn ki toupre lavil Betèl, sou bò solèy
leve. Li moute tant li la. Betèl te sou bò lanmè, Ayi te sou
bò solèy leve. Abram bati yon lotèl pou Seyè a la tou,
epi li fè sèvis pou li. 9 Li vwayaje toujou, li desann nan
direksyon sid, bout pou bout jouk li rive nan rejyon Negèv
la. 10 Men, grangou tonbe sou peyi a, pa t' gen manje
menm. Se poutèt sa Abram te desann nan peyi Lejip.
Li rete la yon bon bout tan. 11 Li te prèt pou antre nan
peyi Lejip lè li di Sarayi, madanm li. Koute non. Ou se
yon bèl fanm. 12 Lè gason nan peyi Lejip yo wè ou, yo
pral di: Se madanm li wi! Epi y'a touye m' pou yo sa pran
ou nan men m'. 13 Tanpri, di yo se sè mwen ou ye pou
yo pa touye m', pou yo ka aji byen avè m' poutèt ou. 14
Se konsa, rive Abram rive nan peyi Lejip, mesye yo gen
tan wè jan Sarayi te yon bèl fanm. 15 Kèk grannèg nan
gouvènman an wè sa tou, y al di farawon an jan li te
bèl. Epi yo mennen Sarayi nan palè a. 16 Poutèt Sarayi,
farawon an te aji byen ak Abram. Li ba li kantite mouton,
kabrit, bèf, bourik, chamo, san konte esklav, fanm kou
gason, pou sèvi l'. 17 Men, paske farawon an te pran
Sarayi, madanm Abram, pou madanm li, Seyè a voye yon
bann move maladi sou li ak sou moun ki te nan palè a. 18
Lè sa a, farawon an fè rele Abram, li di li. Kisa ou fè m'
konsa? Poukisa ou pa t' di m' se madanm ou Sarayi ye?
19 Poukisa ou te di m' se sè ou li ye? Mwen pa ta janm
pran l' pou madanm mwen. Monchè, men madanm ou.
Pran l', al fè wout ou. 20 Farawon an pase moun li yo
lòd pou fè Abram pati kite peyi a, li menm ansanm ak
madanm li avèk tout sa ki te pou li.

13 Abram kite peyi Lejip, li moute nan nò, li tounen nan
rejyon Negèv la, ansanm ak madanm li avèk tout sa
li genyen. Lòt, neve l' la, te avèk li tou. 2 Abram te rich
anpil, li te gen anpil mouton, anpil kabrit ak anpil bèf, li te
gen anpil lajan ak anpil lò. 3 Li vwayaje toujou jouk li kite
Negèv la dèyè. Bout pou bout li rive bò Betèl, kote li te
moute tant li anvan an, ant lavil Betèl ak lavil Ayi. 4 Li
tounen kote li te moute yon lotèl premye fwa a. Li fè sèvis
pou Bondye ankò. 5 Lòt menm, neve ki t'ap vwayaje
ansanm avèk Abram lan, te gen mouton ak bèf pa l' tou.
Li te gen moun tout avèk li. 6 Peyi a te vin twò piti pou yo
de a rete ansanm, paske yo te gen twòp zannimo pou bay
manje. 7 Se konsa, te vin gen yon kabouyay ant gadò
mouton Abram yo ak gadò mouton Lòt yo. Lè sa a, se
moun Kanaran yo ak moun Ferezi yo ki te rete nan peyi a.
8 Abram di Lòt konsa. Monchè, se fanmi nou ye. Pa gen
rezon pou nou gen kont yonn ak lòt, ni pou gadò ou yo

gen kont ak gadò pa m' yo. **9** Men tout peyi a devan nou!
Ann separe. Si ou fè bò dwat, m'ap fè bò gòch. Si ou fè
bò gòch, m'ap fè bò dwat. **10** Lòt voye je l' toupatou, li
gade plenn Jouden an byen gade. tout plenn lan, rive
jouk Zoa, te wouze nèt ale. Jaden yo te tankou jaden
Seyè a, tankou nan peyi Lejip. (Lè sa a, Seyè a pa t'
ankò disparèt lavil Sodòm ak Gomò.) **11** Lòt chwazi plenn
Jouden an pou li. Li pati nan direksyon solèy leve. Se
konsa de mesye yo te separe. **12** Abram rete nan peyi
Kanaran. Lòt menm al moute kay li nan mitan lavil yo ki te
nan plenn lan. Li moute kay li bò lavil Sodòm. **13** Moun
Sodòm yo te move moun anpil. Yo t'ap fè anpil peche kont
Seyè a. **14** Lè Lòt fin ale, Seyè a di Abram konsa. Kanpe
kote ou ye a, voye je ou toupatou, nan tout direksyon: nò,
sid, lès, lwès, **15** paske mwen pral ba ou tout tè ou wè a
pou ou ak pou pitit pitit ou yo pou tout tan. **16** Mapral ba
ou anpil pitit pitit. Si yon moun ka konte tout grenn pousyè
ki sou latè, la rive konte pitit pitit ou yo tou. **17** Bon. Koulye
a, ou mèt pwonmennen mache nan tout peyi a, paske se
ou menm mwen pral bay li. **18** Se konsa, Abram ranmase
tout zafè l', li vin rete bò pye bwadchenn Manmre yo,
toupre Ebwon. Se la li bati yon lotèl pou Seyè a.

14 Lè sa a, Anmrafèl te wa Chenea, Ajòk te wa Elaza,
Kedòlaòmè te wa Elam, Tideal te wa lòt nasyon
yo. **2** Yo kat yo leve, y al fè lagè ak senk lòt wa. Bera ki
te wa Sodòm, Bicha ki te wa Gomò, Cheneab ki te wa
Adma, Chemebè ki te wa zeboyim yo, ak wa peyi Bela
a. Peyi sa a te rele Zoa tou. **3** Senk wa sa yo mete tèt
yo ansanm, yo reyini nan Fon Sidim lan kote lanmè Sèl
la ye a. **4** Pandan douzan, senk wa sa yo te soumèt
devan Kedòlaòmè. Lanne ki fè yo trèzan an, yo revòlte. **5**
Lanne apre sa, ki pou ta fè yo katòzan nan pozisyon sa
a, Kedòlaòmè ansanm ak twa wa ki te mete tèt ansanm
ak li yo vin rive. Yo bat refayim yo nan lavil Astawòt-
Kanayim, yo bat zouzim yo nan lavil Am, yo bat emim yo
nan laplenn Chave-Kiryatayim. **6** Yo bat orit yo sou mòn
Seyi, jouk bò kote pye bwadchenn Paran an, ki toupre
dezè a. **7** Apre sa, yo kase tèt tounen, yo rive bò Sous
jijman an, yo bat tout chèf moun Amelèk yo, yo pran tout
bèt yo. Yo bat moun Amori yo tout ki rete Azazon-Tama,
yo bat yo byen bat. **8** Lè sa a, wa Sodòm, wa Gomò,
wa Adma, wa zeboyim ansanm ak wa Bela a, yo soti, yo
pran pozisyon nan Fon Sidim lan pou yo goumen **9** kont
Kedòlaòmè, wa Elam, Tideal, wa lòt nasyon yo, Anmrafèl,
wa Chenea ak Ajòch, wa Elaza. Sa te fè kat wa kont senk
wa. **10** Nan Fon Sidim lan te gen anpil twou byen fon ki te
plen asfat. Pandan batay la, wa Sodòm ak wa Gomò yo
pran kouri pou lènmi yo, yo te vle wete kò yo nan batay
la, yo tonbe nan twou asfat yo. Lòt wa yo menm kouri al
kache nan mòn. **11** Kat wa yo pran tout sa yo jwenn nan
Sodòm ak Gomò, ata pwovizyon manje, epi y al fè wout
yo. **12** Yo pase men yo yo pran Lòt, pitit frè Abram lan,
ansanm ak tout byen l' yo, paske se Sodòm Lòt te rete.
13 Men, yonn nan mesye ki te chape nan batay la vin di
Abram sa. Lè sa a, Abram te rete toupre pye bwadchenn
Manmre a. Manmre sa a, se te yon moun Amori. Se te
frè Echkòl ak Ane. tout de mesye sa yo te pase kontra
avèk Abram. **14** Lè Abram vin konnen yo te fè neve l' la
prizonye, li sanble tout domestik ki te fèt lakay li yo epi ki
te konn goumen. Li pran twasandizwit (318) antou. Epi li
file dèyè wa yo jouk lavil Dann. **15** La, yon jou lannwit, li
separe mesye li yo, li fè yo fè de gwoup, epi li atake lènmi
yo. Li bat yo byen bat, li kouri dèyè yo jouk yo rive Oba, ki
sou bò nò lavil Damas. **16** Li reprann tout byen yo te pran
yo, li mennen Lòt, neve li a, tounen lakay li ansanm ak
tout byen l' yo, tout medam yo ak tout pèp la. **17** Apre
Abram te fin kraze Kedòlaòmè ansanm ak tout lòt wa ki te
fè tèt ansanm ak Kedòlaòmè yo, li t'ap tounen lakay li. Wa
Sodòm lan vin rankontre l' nan Fon Chave a ki rele Fon
Wa a tou. **18** Mèlkisedèk menm ki te wa peyi Salèm fè
pote pen ak diven vini. Se yon prèt ki t'ap sèvi Bondye ki
anwo nan syèl la li te ye. **19** Li beni Abram, li di. Se pou
Bondye ki anwo nan syèl la, li menm ki fè syèl la ak latè
a, beni Abram. **20** Lwanj pou Bondye ki anwo nan syèl la.
Se li menm ki te lage lènmi ou yo nan men ou. Apre sa,
Abram ba li yon dizyèm nan tout sa li te pran. **21** Lèfini,
wa Sodòm lan di Abram. Ou mèt gade tout byen yo pou
ou. Men ban mwen moun yo sèlman. **22** Abram reponn
wa Sodòm lan, li di l'. Mwen fè sèman devan Seyè a,
Bondye ki anwo nan syèl la, li menm ki fè syèl la ak latè
a, **23** mwen p'ap pran anyen nan sa ki pou ou, li te mèt
yon ti moso fil, yon kòd sapat. Konsa, ou p'ap janm ka di
se ou menm ki fè Abram rich. **24** Mwen pa bezwen anyen
pou tèt pa m'. Men, m'ap asepte sa moun mwen yo te
manje, ansanm ak pòsyon ki pou moun ki te mache avè
m' yo. Wi, se pou Ane, Echkòl ak Manmre pran sa ki vin
pou yo a.

15 Apre bagay sa yo, Abram fè yon vizyon. Li wè Seyè
a ki t'ap pale avè l'. Seyè a di l' konsa. Abram, ou
pa bezwen pè anyen. Se mwen menm k'ap pwoteje ou. M'
sere yon gwo gwo rekonpans pou ou. **2** Abram di. Seyè,
Bondye, kisa ou vle ban mwen? Mwen tout fin mouri,
mwen pa gen pitit. Sèl moun lakay mwen ki pral eritye m',
se Elyezè, moun peyi Damas la. **3** Abram di ankò. Gade!
Ou pa ban m' pitit. Se yonn nan domestik mwen yo ki
pral eritye m'. **4** Lè sa a, li tande Seyè a ki di l' konsa.
Non, se pa li menm ki pral eritye ou. Se pwòp pitit zantray
ou ki pral eritye ou. **5** Seyè a fè Abram soti deyò, li di l'
konsa Leve je ou, gade syèl la byen. Konte zetwal yo si
ou kapab. Apre sa, li di. Pitit pitit ou yo va anpil tankou
zetwal nan syèl la. **6** Abram mete konfyans li nan Seyè a,
se konsa Seyè a fè l' gras. **7** Seyè a di. Se mwen menm,
Seyè a, ki te fè ou soti lavil Our nan peyi Kalde a, pou m'
te ka ba ou peyi sa a pou ou. **8** Abram di. Seyè, Bondye,
kijan pou m' fè konnen peyi sa a pou mwen vre? **9** Seyè
a di l'. Pran yon ti gazèl bèf twazan, yon fenmèl kabrit
twazan, yon belye twazan, yon toutrèl ak yon jenn pijon.
10 Abram al pran tout bèt sa yo, li koupe yo mitan pou
mitan, li mete moso yo yonn anfas lòt. Men, li pa koupe

zwazo yo an de. 11 Chak fwa malfini karanklou vin pou
desann sou vyann bèt yo, Abram pouse yo ale. 12 Solèy
tapral kouche lè dòmi vòlè Abram. Li dòmi nèt ale. Epi
yon sèl lapèz pran l' nan dòmi an. Kote l' te ye a vin fè
tout nwa. 13 Seyè a di l'. Konnen sa byen: Pitit pitit ou yo
pral viv tankou etranje nan yon peyi ki pa pou yo. Y'ap fè
yo tounen esklav, y'ap peze yo pandan katsanzan (400
an). 14 Men, apre sa, m'ap pini nasyon ki va pran yo
fè esklav la. Konsa, lè lè a va rive pou yo kite peyi sa
a, y'a soti avèk anpil anpil richès. 15 Kanta ou menm,
ou pral mouri ak kè poze, ou pral jwenn zansèt ou yo ki
mouri deja. Wi, anvan ou antre anba tè, wa viv lontan san
ankenn pwoblèm. 16 Apre kat jenerasyon, pitit pitit ou
yo va tounen isit la, paske se pou nou tann moun Amori
yo rive nan dènye bout mechanste yo. 17 Apre solèy fin
kouche, te fè nwa anpil. Epi men li, yon recho ki t'ap fè
lafimen ansanm ak yon gwo bwa dife tout limen parèt.
Yo pase nan mitan moso vyann bèt yo. 18 Se jou sa a
Seyè a te pase kontra avèk Abram. Li di l' konsa M'ap bay
pitit pitit ou yo tout peyi sa a, depi larivyè Lejip, rive jouk
larivyè Lefrat la. 19 Sa vle di tout peyi kote moun Keni yo,
moun Kenizi yo, moun Kadmon yo, 20 moun Et yo, moun
Ferezi yo, moun refayim yo, 21 moun Amori yo, moun
Kanaran yo, moun Gigach yo ak moun Jebis yo rete.

16 Sarayi, madanm Abram, pa t' janm fè pitit. Sarayi
te gen yon sèvant, moun peyi Lejip, yo te rele Aga.
2 Sarayi di Abram konsa. Gade! Seyè a pa kite mwen
fè pitit. Al kouche ak sèvant mwen an non. Ou pa janm
konnen, li ka fè pitit pou mwen. Abram tonbe dakò ak sa
Sarayi te di l' la. 3 Se konsa, Sarayi, madanm Abram,
pran sèvant li a, Aga ki te moun peyi Lejip, li bay Abram li
pou madanm. Lè sa a, Abram te gen tan gen dizan nan
peyi Kanaran. 4 Abram kouche ak Aga. Aga vin ansent.
Lè Aga wè li ansent, lògèy vire tèt li, li pa gade Sarayi,
metrès li, pou anyen ankò. 5 Lè sa a, Sarayi di Abram. Se
fòt ou wi si m'ap sibi tout wont sa a. Se mwen menm ki te
ba ou sèvant mwen an pou madanm. Men, depi li wè li
ansent lan, li pa gade m' pou anyen ankò. Se Seyè a ki
pou jije m' avè ou. 6 Abram reponn Sarayi, li di l'. Sèvant
ou pou ou. Li sou zòd ou. Ou gen dwa fè sa ou vle avè l'.
Se konsa, Sarayi pran maltrete Aga sitèlman, Aga blije
sove kite kay la pou li. 7 Zanj Seyè a kontre Aga bò yon
sous dlo nan dezè a sou wout ki mennen nan peyi Chour
la. 8 Li di l' konsa. Aga, sèvant Sarayi, kote ou soti la
a? Kote ou prale? Aga reponn. M'ap kouri pou Sarayi,
metrès mwen. 9 Zanj Seyè a di l'. Tounen lakay metrès
ou, soumèt ou devan li. 10 Zanj lan di l' ankò. M'ap ba ou
anpil anpil pitit pitit. Moun p'ap ka konte yo. 11 Zanj lan di
l' ankò. Gade! Ou ansent. Ou pral fè yon ti gason. Wa rele
l' Izmayèl, paske Seyè a tande rèl ou nan tray w'ap pase
a. 12 Pitit gason ou lan va tankou yon bourik mawon. L'ap
chache tout moun kont. tout moun va chache l' kont. Li
p'ap mele ak tout frè l' yo. L'ap viv pou kont li. 13 Aga
di nan kè l'. Ou kwè se vre se mwen ki wè moun ki wè
m' lan? Se konsa li bay Seyè a yon non, li rele l': Ou se
Bondye ki wè m' lan. 14 Se poutèt sa, yo rele pi dlo ki ant
Kadès ak Barèd la: Pi moun vivan ki wè m' lan. 15 Aga fè
yon pitit gason pou Abram. Abram rele pitit la Izmayèl. 16
Abram te gen katrevensizan lè Aga te fè Izmayèl.

17 Le Abram rive sou katrevendisnevan laj, Seyè a
parèt devan l', li di l' konsa. Mwen se Bondye ki gen
tout pouvwa a. Se pou ou toujou fè sa m' di ou fè. Se
pou ou mennen yon vi san repwòch. 2 M'ap pase yon
kontra avè ou, m'ap ba ou anpil anpil pitit pitit. 3 Lè sa a,
Abram mete ajenou, li bese tèt li jouk atè. Bondye pale
avè l' ankò, li di l'. 4 -Men kontra m'ap pase avè ou la.
W'ap zansèt moun anpil nasyon. 5 Yo p'ap rele ou Abram
ankò. Men y'a rele ou Abraram, paske m'ap fè ou tounen
zansèt moun anpil nasyon. 6 M'ap ba ou anpil anpil pitit
pitit. Y'ap tounen kantite nasyon. Anpil wa ap soti nan ras
ou. 7 M'ap kenbe kontra m' lan avè ou, avèk tout ras ou.
De pitit an pitit, se va yon kontra k'ap la pou tout tan. Se
mwen k'ap Bondye ou, se mwen k'ap Bondye pitit pitit ou
yo tou. 8 Ou wè tè kote ou rete tankou moun vini koulye
a? Mwen gen pou m' ba ou l' ansanm ak tout pitit pitit ou
yo. tout peyi Kanaran an ap rele ou pa ou pou tout tan.
Wi, se mwen menm k'ap Bondye yo tout. 9 Bondye di
Abraram. Men ou menm ansanm ak tout ras ou, de pitit
an pitit, se pou nou dakò pou nou kenbe kontra a avèk
mwen. 10 Men sa pou ou menm ansanm ak tout pitit ou
yo pou nou dakò fè: se pou tout gason nan mitan nou
sikonsi. 11 Depi koulye a, se pou nou sikonsi tout gason.
Se pou sa sèvi yon siy pou moutre gen yon kontra ki pase
ant nou menm avè m'. 12 Se pou nou sikonsi tout gason
wit jou apre yo fèt, li te mèt pitit moun lakay la, osinon pitit
moun lòt nasyon ou pran pou travay lakay ou. 13 Wi, se
pou yo tout yo sikonsi, kit yo fèt lakay ou, kit yo fèt nan
peyi etranje. Se va yon mak nan kò nou pou fè wè kontra
mwen pase avèk nou an, se yon kontra ki la pou tout tan.
14 Si yon gason pa sikonsi, se pou yo disparèt li nan ras
la, paske li pa t' kenbe kontra mwen fè ak nou an. 15 Apre
sa, Bondye di Abraram. Sarayi, madanm ou, p'ap rele
Sarayi ankò. Men depi jòdi a y'a rele l' Sara. 16 M'ap beni
madanm ou, m'ap fè l' ba ou yon pitit gason. M'ap beni l',
m'ap fè l' tounen manman moun anpil nasyon. Anpil nan
pitit pitit li yo va wa. 17 Abraram mete ajenou, li bese tèt li
jouk atè. Men, li tonbe ri lè l' chonje jan l' fin granmoun. Li
t'ap di nan kè l'. Eske yon nonm ki gen santan ka fè pitit
ankò? Eske Sara, yon fanm ki gen katrevendizan, ka vin
ansent? 18 Li di Bondye. Tanpri, beni Izmayèl. Pa kite l'
mouri! 19 Men Bondye di l'. Non, se Sara madanm ou,
ki gen pou fè yon pitit gason pou ou. W'a rele l' Izarak.
M'ap kenbe kontra mwen avèk li, ansanm ak pitit pitit li yo.
Pa bliye. Se va yon kontra k'ap la pou tout tan. 20 Ou
mande m' pou m' pwoteje Izmayèl pou ou! M'ap fè l' pou
ou! M'ap beni l', m'ap ba li anpil pitit ak anpil pitit pitit. Gen
douz chèf k'ap soti nan fanmi li. M'ap fè pitit li yo tounen
yon gwo nasyon. 21 Men, m'ap kenbe kontra mwen an
avèk Izarak, pitit gason Sara pral fè pou ou a. L'ap fèt

lanne k'ap vini an, lè konsa. 22 Lè Bondye fin pale avèk
Abraram, li kite l', li moute nan syèl. 23 Jou sa a Abraram
pran Izmayèl, pitit gason li an, ak tout gason ki t'ap travay
lakay li, kit yo te fèt nan kay la, kit se moun lòt nasyon
li te pran pou sèvi l', li sikonsi yo tout menm jou a, jan
Bondye te pase l' lòd la. 24 Abraram poutèt pa l' te gen
katrevendiznèvan lè l' te sikonsi. 25 Izmayèl, pitit gason l'
lan, te gen trèzan lè l' te sikonsi. 26 Yo tout de, yo sikonsi
yo menm jou 27 ansanm ak tout domestik ki te lakay li, kit
yo te fèt la, kit se achte li te achte yo nan men moun lòt
nasyon yo.

18 Seyè a parèt devan Abraram bò pye bwadchenn
Manmre yo. Abraram te chita nan papòt kay li, lè ki
te fè pi cho nan lajounen an. 2 Abraram leve je l', li rete
konsa li wè twa mesye kanpe devan li toupre pyebwa yo.
Wè li wè yo, li leve nan papòt la, li kouri al jwenn yo, li
bese tèt li jouk atè pou l' di yo bonjou. 3 Li di. Mèt, tanpri.
Pa pase devan lakay mwen san ou pa fè yon ti rete. Se
sèvitè ou mwen ye. 4 Kite m' mande yo pote ti gout dlo
pou lave pye ou. Lèfini, w'a pran yon ti repo anba pyebwa
sa a. 5 'a pote yon ti manje pou ou soutni kè ou pou ou
reprann fòs pou ou ka kontinye vwayaj ou. Ou rive lakay
mwen, mwen la pou m' sèvi ou. Yo reponn li: -Dakò. Ou
mèt fè jan ou di a. 6 Abraram kouri lakay li, li ale jwenn
Sara. Li di l' konsa. Fè vit. Pran trant liv farin bon kalite,
mouye l', fè pen. 7 Apre sa, Abraram kouri al nan bann
bèt li yo, li pran yon jenn ti bèf byen gra, li bay yonn nan
domestik li yo li pou li prese al kòche l'. 8 Apre sa, li pran
fwomaj, li pran lèt fre, li mete yo ansanm ak vyann yo te
pare a, li sèvi mesye yo. Pandan yo t'ap manje, Abraram
te kanpe bò kote yo anba pyebwa a. 9 Lèfini, yo mande l'.
Kote Sara, madanm ou? Li reponn. Li la wi, anndan kay
la. 10 Yonn nan vizitè yo di l'. Mwen gen pou m' tounen isit
la, lè konsa lanne k'ap vini an. Lè sa a, Sara, madanm ou,
ap gen tan gen yon pitit gason. Sara menm te kanpe nan
papòt la dèyè Abraram, li t'ap koute. 11 Abraram ak Sara
te fin vye granmoun. Yo te antre nan laj. Sara te sispann
gen lalen li. 12 Sara tonbe ri nan kè l', li t'ap di. Koulye a,
kalite jan m' fin vye a, ou kwè lide m' ta sou gason toujou!
Epitou, mari mwen, mèt mwen, fin granmoun! 13 Seyè a
di Abraram. Sa ki gen la a pou Sara ri konsa, pou l'ap di
nan kè l'. Eske mwen kapab fè pitit ankò, jan m' fin vye
a? 14 Bon. Eske gen kichòy ki twòp la a pou Mèt la fè?
Sou dat mwen fikse a, m'a tounen pase wè ou ankò. Lè
sa a, Sara va gen yon pitit gason. 15 Sara te pè, li t'ap
plede, li t'ap di. Mwen pa t' ri non! Men Seyè a di l'. Men
wi, machè, ou te ri. 16 Mesye yo leve, yo pati, yo mete
tèt sou Sodòm. Yo rive kote yo te ka voye je yo gade
anba pou wè Sodòm. Abraram menm t'ap mache ak yo.
Li t'ap kondi yo mete pi devan sou wout la. 17 Seyè a di
nan kè l'. Mwen pa kapab kache Abraram sa m' pral fè
a. 18 Pitit pitit li yo pral tounen yon gwo nasyon ki va
gen pouvwa. Gremesi Abraram, tout nasyon sou latè pral
jwenn benediksyon. 19 Mwen te chwazi l' pou l' te pase
pitit li yo ak tout rès fanmi l' k'ap vin apre li yo lòd pou yo
mache nan chemen Seyè a met devan yo, pou yo fè sa ki
kòrèk ak sa ki dwat devan Bondye. Se konsa m'a fè pou li
tout sa mwen te pwomèt li a. 20 Apre sa, Seyè a di. Se
pa ti kras bagay y'ap di sou moun Sodòm ak moun Gomò,
paske peche moun sa yo lou anpil. 21 M'ap desann pou m'
wè ak je mwen si sa y'ap di sou yo a se vre. Si se pa vre,
m'a konnen. 22 Mesye yo pati, yo mete tèt sou Sodòm.
Men, Seyè a te rete ak Abraram. 23 Abraram pwoche
bò kote Seyè a, li mande l'. Eske se vre ou pral touye
inonsan yo ansanm ak koupab yo? 24 Si gen senkant
moun inonsan nan lavil la, èske w'ap detwi tout lavil la?
Eske ou p'ap fè pa lavil la poutèt senkant inonsan sa yo?
25 Aa! Pou di w'ap fè inonsan peri ak koupab? Se pa
posib. Ou pa ka fè sa. Se lenjistis pou inonsan gen menm
sò ak koupab. Non, sa pa ka fèt. Bondye k'ap jije tout
moun sou tè a pa ka nan fè lenjistis. 26 Seyè a reponn. Si
mwen jwenn senkant inonsan nan lavil Sodòm, m'ap fè pa
tout lavil la, poutèt senkant inonsan sa yo. 27 Abraram
pale ankò, li di. Eskize m' wi! Seyè, si m' penmèt mwen
pale ankò. Se moun ase mwen ye, mwen pa gen dwa
di ou anyen. 28 Men, si se karannsenk moun inonsan
sèlman ou jwenn, èske ou pral detwi tout lavil la paske
manke senk pou fè senkant lan? Seyè a reponn. Si mwen
jwenn karannsenk inonsan sèlman, mwen p'ap detwi lavil
la. 29 Abraram pale ankò, li di. Ou pa janm konnen, ka
gen karant inonsan ase? Seyè a reponn. Si gen karant
inonsan, mwen p'ap detwi lavil la. 30 Abraram di. Tanpri,
Seyè, pa fache sou mwen non. M'ap di ou yon ti mo ankò.
Ou pa janm konnen, ou ka jwenn trant inonsan ase nan
lavil la. Seyè a reponn. Si mwen jwenn trant, m'ap fè pa
lavil la. 31 Abraram di. Eskize m' wi, Seyè, si m' penmèt
mwen pale toujou. Men, sipoze ou jwenn vin inonsan
sèlman? Seyè a reponn li. Si mwen jwenn vin inonsan,
m'ap fè pa lavil la. 32 Abraram di ankò. Tanpri, Seyè, pa
fache sou mwen non. M'ap di yon dènye mo. Si ou jwenn
dis inonsan ase? Seyè a reponn li. Si mwen jwenn dis
inonsan, m'ap fè pa lavil la. 33 Apre li fin pale ak Abraram,
Seyè a al fè wout li. Abraram menm tounen lakay li.

19 De zanj Bondye yo rive Sodòm nan aswè. Lòt te
chita bò pòtay lavil la. Wè li wè yo, li leve, li al
kontre yo. Li bese tèt li jouk atè pou l' di yo bonjou. 2 Li
di. Mesye, mwen la pou m' sèvi nou. Tanpri, vin lakay
mwen. n'a ka lave pye nou, n'a pase nwit la la. Denmen
maten, n'a leve, n'a reprann wout nou. Mesye yo reponn.
Non. Nou pral pase nwit la sou laplas la. 3 Men Lòt te
fòse yo sitèlman, y' al lakay li avè l'. Lòt pare yon bon
manje pou yo, li fè pen san ledven. Epi yo manje. 4 Yo pa
t' ankò kouche, lè mesye lavil Sodòm yo, jenn gason kou
vye tonton, sènen kay la. tout gason nan lavil la te kouri
vini. 5 Yo rele Lòt, yo di l' konsa. Kote mesye ki vin pase
nwit lakay ou aswè a? Fè yo soti vin jwenn nou pou nou
kouche ak yo? 6 Lòt soti al jwenn yo nan papòt la. Li
fèmen pòt la dèyè do l', 7 li di yo konsa Tanpri, mezanmi.
Pa fè bagay sal sa a. 8 Gade, mwen gen de pitit fi ki tifi
toujou, m'ap mennen yo ban nou. Nou mèt fè sa nou vle

avèk yo. Men, pa fè mesye sa yo anyen, paske mwen
resevwa yo lakay mwen, mwen fèt pou m' pwoteje yo. **9**
Men, yo di. Wete kò ou la. Se moun vini ou ye! Kisa ou ye
atò pou ou vin di nou sa pou nou fè. Sispann fè radòt la
a, anvan nou pa fè ou pi mal pase yo. Sa ou tande a,
yo bourade Lòt, epi yo pwoche pou yo defonse pòt la.
10 Men, de mesye yo ki te anndan an lonje men yo, yo
rale Lòt antre anndan, epi yo fèmen pòt la. **11** Lèfini, yo
vegle tout mesye ki te devan pòt kay la, depi pi piti a jouk
pi gran an. Se konsa mesye yo t'ap vire tounen adwat
agoch, yo pa t' kapab jwenn kote pòt kay la te ye. **12** De
mesye yo pale ak Lòt, yo di l' konsa. Ki moun ankò ou
gen nan lavil la? Pran bofi ou yo, pitit gason ou yo, ak pitit
fi ou yo ansanm ak tout bagay ou gen nan lavil la, mete
kò ou deyò. **13** Nou pral detwi tout bò isit la. Seyè a te
tande tout sa yo t'ap di sou moun lavil sa a. Li voye nou
detwi l'. **14** Lòt soti, li al jwenn mari pitit fi li yo, li di yo.
Leve non, fè vit, ann met deyò. Seyè a pral detwi lavil la.
Men bofi li yo te kwè se jwe li t'ap jwe. **15** Kou jou pral
kase, zanj Bondye yo leve Lòt pou l' fè vit. Yo di l'. Fè vit
non, monchè! Pran madanm ou ak de pitit fi ou yo, met
deyò. Si se pa sa, n'ap mouri tout lè Bondye ap pini lavil
la. **16** Lè yo wè Lòt t'ap kalbende, yo pran men li, yo pran
men madanm li ansanm ak de pitit fi li yo, yo mennen yo
andeyò lavil la, yo lage yo. Yo te fè sa, paske Seyè a te
gen pitye pou Lòt. **17** Apre zanj yo te fin fè yo soti nan lavil
la, yo di l'. Sove poul ou, si ou pa vle mouri. Pa gad dèyè.
Pa rete menm nan plenn lan. Kouri al nan mòn yo pou ou
pa pase tou. **18** Men, Lòt reponn li. O! Non, Mèt. Tanpri,
pa mande m' tout sa. **19** Gade, ou deja fè m' yon gwo
favè. Ou moutre m' jan ou gen pitye anpil pou mwen. Ou
sove lavi m'. Men, mòn lan twò lwen. m'a mouri anvan m'
rive, malè a va gen tan rive sou mwen. **20** Gade: ou wè ti
bouk sa a? Li toupre. m'a gen tan rive la pou m' kache kò
mwen. Tanpri, kite m' ale la. Ou wè se yon ti kote ki tout
piti. Konsa m'a sove lavi m'. **21** Zanj lan di l'. Dakò, Mwen
fè ou favè sa a ankò: mwen p'ap detwi ti bouk w'ap pale
m' lan. **22** Kouri vit ale. Mwen p'ap ka fè anyen toutotan
ou poko rive la. Se poutèt sa yo rele ti bouk la Zoa. **23**
Solèy te fèk ap leve lè Lòt rive Zoa. **24** Lè sa a, Seyè a fè
yon sèl lapli souf ak dife soti nan syèl la tonbe sou Sodòm
ak Gomò. Wi, se Seyè a menm ki te fè sa. **25** Li detwi de
lavil sa yo ak tout plenn lan ansanm ak tout moun ki te
rete nan lavil yo ak tout plant ki t'ap pouse nan tè a. **26**
Men, madan Lòt vire gade dèyè. Lamenm li tounen yon
gwo estati sèl. **27** Nan granmaten, Abraram leve, li ale
kote li te kanpe ap pale ak Seyè a. **28** Li voye je l' bò
Sodòm ak Gomò, li wè tout plenn lan. Epi li rete konsa li
wè gwo lafimen ap moute soti nan tè a tankou lafimen
k'ap leve nan yon gwo founo dife. **29** Se konsa, lè Bondye
t'ap detwi lavil yo nan plenn lan, li chonje Abraram. Li fè
Lòt chape anba malè li tapral lage sou lavil kote li te rete
a. **30** Men Lòt te pè rete nan bouk Zoa a. Se konsa, li
menm ak de pitit li yo, yo soti Zoa, yo moute, y al rete nan
mòn yo. Yo fè kay yo nan yon gwo twou wòch. **31** Pi gran
fi a di pi piti a. Papa nou ap fin granmoun. Pa gen gason
nan peyi a pou marye ak nou pou nou ka fè pitit jan sa fèt
toupatou. **32** Vini non. Annou fè papa bwè diven jouk li
sou. Apre sa, n'a kouche avè l'. Konsa, n'a fè pitit pou
papa nou. **33** Menm jou sa a, lè aswè rive, yo fè papa
yo bwè diven jouk li sou. Pi gran fi a kouche ak papa l'.
Men, papa a te sitèlman sou, li pa t' konn anyen. **34** Nan
denmen, pi gran an di pi piti a. Yèswa, mwen te kouche
ak papa m'. Aswè a se tout pa ou: N'ap fè l' bwè diven
ankò jouk li sou. Epi w'a al kouche avè l', pou nou de nou
kapab fè pitit pou papa nou. **35** Se konsa, lè aswè rive, yo
fè papa a bwè diven ankò jouk li sou. Epi pi piti a kouche
avè l'. Men, fwa sa a ankò, Lòt pa t' konnen anyen. **36** Se
konsa de pitit fi Lòt yo vin ansent pou papa yo. **37** Pi gran
an fè yon pitit gason, li rele l' Moab. Se li menm ki zansèt
moun Moab yo ki la jouk koulye a. **38** Pi piti a tout fè yon
pitit gason. Li rele l' Bennami. Se li menm ki zansèt moun
Amon yo ki la jouk jòdi a.

20 Abraram kite Manmre, li pati, li ale Negèv, li rete ant
Kadès ak Chour kote li moute kay li. Pandan tout
tan li t'ap viv nan peyi Gera a, **2** li t'ap di se sè li Sara te
ye. Se konsa, Abimelèk, wa peyi Gera a, fè yo mennen
Sara ba li. **3** Men pandan lannwit, Abimelèk fè yon rèv,
li wè Bondye parèt devan li. Bondye di l'. Gade non,
monchè. Ou pral mouri tande, paske Sara se yon madan
marye. **4** Men, Abimelèk pa t' gen tan kouche avè Sara.
Li di. Mèt, èske w'ap kite yon pèp inonsan peri? **5** Se
Abraram ki di m' se sè li Sara ye. Sara pou tèt pa l' di m'
se frè li Abraram ye. Mwen fè sa m' fè a san ankenn move
lide. Mwen konnen mwen pa fè anyen ki mal. **6** Bondye
reponn li nan rèv la. Wi. Mwen konnen ou fè sa ou fè a
san ankenn move lide dèyè tèt ou. Se poutèt sa mwen pa
kite ou fè peche sa a kont mwen. Mwen pa kite ou fè
madanm lan anyen. **7** Men sa pou ou fè: renmèt nonm
lan madanm li. Se yon pwofèt Bondye li ye. La lapriyè pou
ou pou ou pa mouri. Men, si ou pa renmèt li, mwen tout di
ou nou pral mouri, ou menm ansanm ak tout fanmi ou. **8**
Nan maten, bonè bonè, Abimelèk rele tout domestik li yo,
li rakonte yo tout bagay. Yo tout yo te pè anpil. **9** Lèfini,
Abimelèk rele Abraram, li di l'. Kisa ou fè nou konsa? Kisa
m' fè ou pou ou ta lakòz yon gwo malè konsa tonbe sou
mwen ak sou peyi a? Sa ou fè nou la a, se bagay moun
pa gen dwa fè. **10** Abimelèk di Abraram ankò. Poukisa ou
fè sa ou fè a? **11** Abraram reponn li. Mwen te di nan kè m'
pa gen moun ki gen krentif pou Bondye bò isit la. Mwen tè
kwè yo ta ka touye m' poutèt madanm mwen. **12** Men,
se vre wi, se sè m' li ye. Nou menm papa, men nou pa
menm manman. Epi se madanm mwen li ye tou. **13** Se
konsa, lè Bondye fè m' kite lakay papa m' pou m' al nan
peyi etranje yo, mwen di Sara: m'ap mande ou pou rann
mwen yon sèvis? Si ou renmen m' vre, tanpri, kote ou
pase, se pou di se frè ou mwen ye. **14** Lè sa a, Abimelèk
renmèt Sara bay Abraram. Anmenmtan li ba li mouton,
bèf ak domestik, fanm kou gason, pou sèvi l'. **15** Li di
Abraram. Gade! tout peyi m' lan devan ou. Rete kote ki fè

ou plezi. 16 Epi li di Sara. Mwen bay frè ou la mil (1.000)
pyès lajan. Se pou sa ka fè moun ki la avè ou yo bliye sak
te rive ou. Konsa, tout moun va konnen ou pa t' fè anyen
ki mal. 17 Abraram lapriyè pou Abimelèk, epi Bondye geri
li. Bondye geri madanm li tout ansanm ak medam k'ap
travay lakay li pou yo kapab fè pitit ankò. 18 Poutèt sa ki
te rive Sara, madanm Abraram lan, Seyè a te fè tout fanm
lakay Abimelèk pa t' kapab fè pitit.

21 Seyè a fè Sara favè, jan l' te di l' la. Li fè sa l' te
pwomèt li a rive vre. 2 Sara vin ansent. Atout li te
fin vye granmoun lan, li fè yon pitit gason pou Abraram,
nan dat Bondye te di l' la. 3 Abraram rele pitit gason
Sara te fè pou li a Izarak. 4 Ti gason an te gen wit jou lè
Abraram sikonsi l', jan Bondye te ba li lòd la. 5 Abraram
te gen santan sou tèt li lè Izarak, pitit li a, te fèt. 6 Sara di
konsa. Bondye fè m' bagay ki fè m' ri. tout moun ki tande
sa pral ri avè m' tou. 7 Apre sa, li di ankò: -Ki moun ki
ta di Abraram yon jou Sara gen pou bay timoun tete?
Men, atout li fin vye a, mwen fè yon pitit gason pou li. 8
Ti gason an grandi, li sevre. Jou yo sevre l' la, Abraram
fè yon gwo fèt. 9 Yon jou Izmayèl, pitit Aga, fanm peyi
Lejip la te fè pou Abraram lan t'ap jwe ak Izarak, pitit Sara
a. Sara wè sa. 10 Li di Abraram konsa: -Mete sèvant la
deyò ansanm ak tout pitit li a, paske pitit sèvant sa a pa
gen dwa eritye ak Izarak, pitit mwen an. 11 Pawòl sa a
te fè Abraram lapenn anpil, paske Izmayèl te pitit li tou.
12 Men, Bondye di Abraram konsa-Ou pa bezwen pran
lapenn pou ti gason an ak pou Aga, sèvant ou a. Ou mèt
fè tout sa Sara di ou fè a, paske se Izarak ki pral ba ou
pitit pitit mwen pwomèt ou yo. 13 M'ap bay pitit sèvant lan
anpil pitit pitit. M'ap fè l' tounen yon nasyon, paske se
pitit ou li ye tou. 14 Nan denmen Abraram leve bonè,
li pran pen ak yon sak an po bèt plen dlo, li bay Aga.
Li ede l' mete yo sou tèt li. Li ba li pitit la, li fè l' ale kite
kay la. Aga pati, li mache, li mache, jouk li pèdi nan dezè
Bècheba a. 15 Lè dlo nan sak la fini, li kite pitit la anba
yon touf raje. 16 li ale, li chita pi devan, yon bon ti distans,
li di nan kè l' -Mwen pa ka rete ap gade pitit mwen an ap
mouri konsa. Pandan li chita konsa, pitit la pran rele. 17
Bondye tande rèl pitit la. Zanj Bondye a rete nan syèl la, li
pale ak Aga, li di l' konsa-Sa ou genyen, Aga? Ou pa
bezwen pè. Kote Bondye ye a, li tande rèl ti pitit la. 18
Leve non, pran ti pitit la, kenbe l'. M'ap fè pitit pitit li yo
tounen yon gwo nasyon. 19 Bondye louvri je Aga. Aga wè
yon pi. li ale, li plen sak an po a dlo. Li bay ti pitit la bwè
dlo kont kò l'. 20 Bondye te avèk ti pitit la. Li grandi, li
rete nan dezè a. Li te rive konn tire flèch nan banza ak
anpil ladrès. 21 Se nan dezè Paran li te rete. Manman l'
te chwazi yon madanm pou li nan jenn fi peyi Lejip yo.
22 Lè sa a, Abimelèk ale ansanm avek Pikòl, kòmandan
lame li a, li pale ak Abraram. Li di l' konsa-Bondye avè ou
nan tout sa w'ap fè. 23 Koulye a, fè sèman, isit la menm,
devan Bondye, ou p'ap janm twonpe ni mwen menm, ni
pitit mwen yo, ni pitit pitit mwen yo. Mwen te aji byen avè
ou. Pwomèt w'ap aji byen avè m' tou, epi w'ap sèvi byen
ak tout moun nan peyi kote ou rete a. 24 Abraram reponn.
-M' fè sèman. 25 Men Abraram te fè Abimelèk repwòch
pou yon pi li domestik Abimelèk yo te pran pa fòs. 26
Abimelèk di l' -Mwen pa konnen ki moun ki fè sa. Ni tou,
ou pa t' janm di m' anyen sou sa. Se koulye a m'ap tande
koze a. 27 Abraram pran kèk mouton ak kèk bèf li bay
Abimelèk. Konsa, yo pase kontra yonn ak lòt. 28 Abraram
pran sèt mouton nan bann mouton l' yo, li mete yo sou
kote. 29 Abimelèk mande l' -Poukisa ou mete sèt mouton
sa yo sou kote. 30 Abraram reponn li-Asepte sèt mouton
sa yo. Si ou asepte yo, sa vle di ou rekonèt devan tout
moun se mwen menm ki te fouye pi a. 31 Se poutèt sa yo
rele anplasman an Bècheba, paske se la menm yo te
sèmante yonn bay lòt. 32 Se Bècheba yo te pase kontra
yonn ak lòt. Apre sa, Abimelèk leve, li tounen nan peyi
moun Filisti yo, ansanm ak Pikòl, kòmandan lame li a. 33
Se la Bècheba Abraram plante yon pye tonmaren. Lèfini li
fè sèvis pou Seyè a, Bondye ki la pou tout tan an. 34
Apre sa, Abraram rete kèk lanne ankò nan peyi Filisti a.

22 Apre tout bagay sa yo, Bondye sonde Abraram pou
wè sou ki pye li ye avè l'. Bondye rele l' -Abraram!
Abraram! Abraram reponn-Men mwen wi! 2 Bondye di l': -
Pran Izarak, pitit ou a, sèl pitit gason ou genyen an, pitit
ou renmen anpil la. Ale nan peyi Morija, w'a moute sou tèt
mòn mwen pral moutre ou la. Lè w'a rive la, w'a touye
l'. Apre sa, w'a boule l' nèt pou mwen. 3 Nan denmen
maten, bonè bonè, Abraram leve, li sele bourik li, li pran
Izarak ansanm ak de nan domestik li yo. Li fann kèk moso
bwa pou l' fè dife pou boule vyann bèt l'ap ofri a. Epi li
pati nan direksyon kote Bondye te di l' la. 4 Sou twa jou,
Abraram gade, li wè kote a yon bon ti bout devan l'. 5
Abraram di domestik li yo. -Nou menm, mesye, rete isit la
ak bourik la. Mwen menm ak ti gason an, nou pral jouk lòt
bò a, pou nou fè sèvis pou Bondye. Apre sa, n'a tounen
vin jwenn nou. 6 Abraram pran bwa pou fè dife a, li bay
Izarak pote li. Li menm, li pote bagay pou limen dife a
ansanm ak yon kouto nan men l'. Yo tout de pati ansanm.
7 Pandan y'ap mache konsa, Izarak di Abraram: -Papa!
Abraram reponn: -Wi, pitit mwen! Izarak mande l': -Mwen
wè ou gen dife ak bwa. Men, kote mouton pou boule a?
8 Abraram reponn: -Pitit mwen, se sou kont Bondye sa
ye. Yo toude t'ap kontinye mache ansanm. 9 Lè yo rive
kote Bondye te di l' la, Abraram moute yon lotèl, li ranje
bwa yo sou li. Li mare Izarak, pitit gason l' lan, li mete l'
sou lotèl la, anwo bwa yo. 10 Apre sa, li lonje men l', li
pran kouto a pou l' koupe kou ti gason an. 11 Men, zanj
Bondye a rete nan syèl la, li rele l': -Abraram! Abraram!
Abraram reponn. -Men mwen wi! 12 Zanj lan di l' -Pa
leve men ou sou ti gason an. Pa fè l' anyen. Koulye a
mwen konnen ou gen krentif pou Bondye vre, paske ou
pa t' derefize touye sèl pitit gason ou lan pou mwen. 13
Abraram voye je l', li wè yon belye mouton ki te gen kòn li
yo makònen nan yon lyann. li ale, li pran mouton an, li
touye l', li boule li nèt sou lotèl la pou Bondye nan plas

pitit li a. **14** Abraram rele kote sa a: Se sou kont Seyè a
sa ye. Se poutèt sa, jouk jòdi a, moun ap repete: Sou
mòn Seyè a, tout bagay sou kont li. **15** Zanj Bondye a
rete nan syèl la, li pale ak Abraram yon dezyèm fwa, li di l'
konsa: **16** -Mwen sèmante sou tèt mwen. Se mwen menm
Seyè a ki di sa. Mwen gen pou m' beni ou anpil poutèt sa
ou fè a. Ou pa t' refize ban mwen pitit ou a, sèl pitit gason
ou genyen an. **17** Mwen pwomèt pou m' ba ou anpil pitit
pitit. Y'ap tankou zetwal nan syèl la, tankou grenn sab bò
lanmè. Y'a bat tout lènmi yo. **18** Gremesi tout pitit pitit ou
yo, tout nasyon sou latè pral jwenn benediksyon. Wi, yo
tout, paske ou te fè sa m' te mande ou fè a. **19** Abraram
tounen bò kote domestik li yo, domestik yo pati ansanm
avè l' pou peyi Bècheba, kote Abraram te rete a. **20** Apre
tout bagay sa yo, yo vin di Abraram konsa: -Tande non.
Milka fè pitit tout wi pou Nak, frè ou la. **21** Premye pitit
la rele Ouz. Apre li, vini Bouz, Kemwèl, papa Aram, **22**
Kesèd, Azò, Pildach, Jidlaf ak Betwèl. **23** Se Betwèl ki
papa Rebeka. Se wit gason sa yo Milka te fè pou Nakò,
frè Abraram lan. **24** Reouma, fanm kay Nakò a te fè pitit
tout pou li: se te Tebak, Gam, Tach ak Maka.

23 Sara viv sanvennsetan (127 an). **2** Li mouri yon
kote yo rele Kiriyat Aba osinon Ebwon nan peyi
Kanaran. Abraram pran lapenn pou lanmò Sara, li plenn
sò li. **3** Abraram leve bò kote kadav la, li ale pale ak moun
Et yo. Li di yo konsa: **4** -Se etranje mwen ye, se depasaj
mwen ye nan mitan nou. Vann mwen yon anplasman
pou m' ka antere madanm mwen, konsa m'a wete kadav
la devan je m'. **5** Moun Et yo reponn Abraram, yo di l'
konsa: **6** -Mèt, koute sa n'ap di ou. Ou se yon gwonèg
Bondye voye nan mitan nou. Chwazi yonn nan pi bon
kavo nou yo pou antere madanm ou. Pa gen yonn nan
nou ki pou ta refize ba ou kavo li pou antere madanm ou.
7 Abraram kanpe. Pa respè pou moun Et yo, li bese tèt li
byen ba devan yo. **8** Li di yo: -Si nou dakò pou m' antere
madanm mwen isit la, pou m' wete kadav li devan je m',
koute sa m'ap di nou. Nou konnen Efwon, pitit gason
Zoka a? Pale avè l' pou mwen. **9** Mande l' pou l' vann
mwen twou wòch Makpela a ki pou li nan bout jaden l'
lan. Mande l' pou l' vann mwen li pou pri li vo, pou sa
ka sèvi m' simityè isit la. **10** Efwon te chita la avèk lòt
moun Et yo, bò pòtay lavil la, kote moun yo konn reyini
an. Devan moun Et yo, devan tout moun ki t'ap pase bò
pòtay la, Efwon reponn Abraram. Li di li: **11** -Non, mèt!
Koute sa m'ap di ou: Mwen fè ou kado jaden an ak tout
twou wòch ki ladan l' lan. Mwen fè ou kado l' devan tout
moun peyi m' yo. M'ap ba ou l' pou ou ka antere madanm
ou. **12** Men, Abraram bese tèt li byen ba devan moun Et
yo. **13** Li pale ak Efwon pou tout moun ka tande. Li di l': -
Koute sa m'ap di ou: M'ap achte tout jaden an nan men
ou pou pri li vo. Tanpri, asepte lajan m'ap ba ou pou li a.
Se lè sa a m'a antere madanm mwen ladan l'. **14** Efwon
reponn Abraram: -Mèt, tanpri koute sa m'ap di ou: **15** Yon
moso tè ki vo katsan (400) pyès lò, pa gen rezon pou n'ap
diskite pou sa. Antere madanm ou sou li non! **16** Abraram
dakò ak sa Efwon di l' la. Li peze lajan an, li bay Efwon li
devan tout moun Et yo. Wi, li ba li katsan (400) pyès lò
dapre jan kòmèsan yo te sèvi nan peyi a. **17** Se konsa,
moso tè Efwon te gen Makpela a, anfas peyi Manmre a,
ansanm ak tout twou wòch la ak tout pyebwa ki nan jaden
an, jouk sou lizyè li, **18** yo vin pou Abraram, devan tout
moun Et yo, devan tout moun ki te bò pòtay la. **19** Apre
sa, Abraram antere Sara, madanm li, nan twou wòch ki te
nan jaden Makpela a, anfas Manmre yo rele Ebwon an,
nan peyi Kanaran. **20** Se konsa, Abraram achte jaden an
ak tout twou wòch ki te ladan l' lan, nan men moun Et yo,
li fè l' sèvi simityè pou li.

24 Abraram te fin vye. Li te antre nan granmoun. Seyè
a te beni Abraram nan tout bagay. **2** Abraram te gen
yon domestik ki te pi ansyen pase tout lòt yo. Se li menm
ki te jeran reskonsab tout byen li yo. Abraram di l' konsa: -
Men, mete men ou nan fant janm mwen, fè sèman. **3**
Mwen vle pou ou fè sèman sou Seyè a, Bondye syèl la ak
Bondye latè a, pou ou pa chwazi yon madanm pou pitit
gason m' lan nan medam k'ap viv nan peyi Kanaran kote
m' rete a. **4** Men, se nan peyi pa m' pou ou ale, pou ou
chwazi pami moun menm ras ak mwen yo yon madanm
pou Izarak, pitit gason m' lan. **5** Domestik la mande l': -
Kisa pou m' fè si fi a pa vle kite peyi l' pou l' vin avè m'
nan peyi sa a? Eske se pou m' mennen pitit gason ou lan
ale nan peyi kote ou te soti a? **6** Abraram reponn li: -Non,
non, non! Pa janm mennen pitit mwen an laba a! **7** Seyè
a, Bondye syèl la, te pran m' fè m' soti lakay papa m' ak
nan peyi fanmi mwen. Li pale avè m'. Li fè m' sèman l'ap
bay pitit pitit mwen yo peyi sa a. Enben, se li menm ki va
fè zanj li pran devan ou, pou ou chwazi yon madanm nan
moun laba yo pou pitit gason m' lan. **8** Si madanm lan pa
vle vin avè ou, w'a konnen ou kit ak sèman ou te fè m' lan.
Sèlman, nenpòt jan, pa mennen pitit gason m' lan laba a.
9 Domestik la mete men l' nan fant janm Abraram, mèt li,
epi li sèmante pou l' fè sa l' mande l' fè a. **10** Domestik la
pran dis chamo nan chamo mèt li yo. Li pran yon kantite
bèl bagay ki koute chè, li chaje chamo yo. Li leve, li pati, li
ale lavil kote Nakò rete a nan peyi Mezopotami. **11** Lè
aswè rive, li fè chamo yo kouche bò pi ki lòt bò pòtay lavil
la. Se te lè ti medam yo tè konn vin tire dlo. **12** Li lapriyè,
li di: -Seyè, ou menm ki Bondye Abraram, mèt mwen,
tanpri, fè m' jwenn jòdi a sa m'ap chache a. Moutre jan ou
bon pou Abraram, mèt mwen. **13** Men mwen kanpe bò pi
a, kote medam yo ap vin chache dlo. **14** Mwen mande
ou pou jenn fi ki va reponn mwen l'ap ban m' bwè lèfini
l'ap bay chamo m' yo bwè tou, lè m'a di l': Tanpri, bese
krich ou a ban m' ti gout dlo pou m' bwè, fè se li menm
ou chwazi pou Izarak, sèvitè ou la. Lè sa a, m'a konnen
jan ou bon pou mèt mwen vre. **15** Li t'ap pale toujou lè
Rebeka parèt avèk yon krich sou zepòl li. Rebeka te pitit
Betwèl. Betwèl sa a te pitit gason Milka ki te marye ak
Nakò, frè Abraram lan. **16** Se te yon jenn fi. Li te bèl anpil,
li te tifi. Li desann nan sous la, li plen krich li. Epi li moute
soti deyò. **17** Domestik la kouri al jwenn li, li di l' konsa: -

Tanpri, ban m' ti gout dlo nan krich ou a non. **18** Rebeka
reponn li: -Wi. Bwè non, msye. Li desann krich la soti sou
zepòl li, li kenbe l' nan men l' pou fè nonm lan bwè. **19** Lè
nonm lan fin bwè, jenn fi a di l': -Mwen pral pran dlo pou
chamo ou yo, pou yo ka bwè kont yo tou. **20** Li prese
vide rès dlo krich la nan yon ti basen pou chamo yo bwè,
epi li kouri desann nan sous la al chache dlo jouk tout
chamo yo fin bwè kont yo. **21** Nonm lan menm te sezi. Li
t'ap gade fi a san l' pa di anyen, li t'ap tann pou l' wè si
Seyè a pa t' fè l' vwayaje pou gremesi. **22** Lè chamo yo
fin bwè, nonm lan pran yon bèl zanno lò ki peze sis gram,
li pase l' nan nen Rebeka. Li pran de bèl braslè ki peze
san gram, li mete yo nan bra li. **23** Epi li mande l': -Pitit ki
moun ou ye? Tanpri, di m' non. Eske gen kote lakay papa
ou pou m' pase nwit la avèk chamo m' yo? **24** Jenn fi
a reponn: -Mwen se pitit fi Betwèl, yonn nan pitit gason
Milka ak Nakò. **25** Li di l' anko: -Lakay nou, nou gen kont
pay zèb pou chamo ou yo. Wa jwenn kote pou ou pase
nwit la tou. **26** Lè sa a, nonm lan tonbe ajenou, li bese tèt
li jouk atè devan Seyè a. **27** Li di: -Lwanj pou Seyè a,
Bondye Abraram, mèt mwen an. Li gen pitye pou li, li
kenbe pwomès li te fè l' la. Li mennen m' tout dwat lakay
fanmi mèt mwen an. **28** Jenn fi a kouri lakay manman l'.
Li rakonte tout sa ki te rive. **29** Rebeka te gen yon frè yo
rele Laban. Laban kouri deyò al jwenn nonm lan bò sous
la. **30** Li te wè zanno a nan nen sè li ak braslè yo nan bra
l', li te tande l' ap rakonte sa nonm lan te di l'. Lamenm
li al jwenn nonm lan ki te kanpe bò sous la ansanm ak
chamo l' yo. **31** Laban di l': -Antre non. Ou se yon nonm
Seyè a beni. Poukisa ou rete deyò a konsa? Mwen pare
yon kote pou ou nan kay la. Gen plas pou chamo ou yo
tou. **32** Nonm lan antre nan kay la. Laban desele chamo
yo. Li fè ba yo pay ak zèb. Yo pare dlo pou nonm lan lave
pye l', ansanm ak moun ki te avè l' yo. **33** Lèfini, yo sèvi
yo manje. Men nonm lan di: -Anvan m' manje, se pou m'
di sa m' gen pou m' di a. Laban di l': -Bon. Pale non. **34**
Msye pran lapawòl, li di: -Mwen se domestik Abraram.
35 Seyè a voye anpil benediksyon sou mèt mwen. Li fè
l' vin grannèg. Li ba li mouton, bèf, lajan, lò, domestik,
sèvant, chamo, bourik. **36** Sara, madanm mèt mwen, te
fin vye granmoun lè li te resi fè yon pitit gason pou li. Mèt
mwen bay pitit sa a tout sa li genyen. **37** Mèt mwen fè
m' fè sèman, li di m' piga m' chwazi yon madanm pou
pitit gason l' lan nan medam moun peyi Kanaran kote
l' rete a. **38** Men se pou m ale lakay papa l' pou mwen
chwazi yon madanm nan ras li pou pitit gason l' lan. **39** Lè
sa a, mwen di mèt mwen: Bon, si fi a pa vle vini avè m',
kisa pou m' fè? **40** Li reponn mwen: Seyè a ki wè jan
mwen toujou obeyi l' va voye zanj li avè ou. Li p'ap fè ou
vwayaje pou gremesi. Ou va chwazi yon madanm nan
fanmi papa m' pou gason m' lan. **41** Si ou fè sa, w'a kit ak
sèman ou te fè m' lan. Konsa tou, si ou rive kay fanmi m',
si yo menm yo refize, w'a kit ak sèman ou te fè m' lan
tou. **42** Jòdi a, lè m' rive bò sous dlo a, mwen di: Seyè,
Bondye Abraram, mèt mwen an, si sa fè ou plezi, fè m' pa
vwayaje pou gremesi. **43** Gade, m'ap rete kanpe bò sous
dlo a. Lè m'a wè yon jenn fi k'ap vin chache dlo nan pi a,
m'a va di l': Tanpri, ban m' ti gout dlo nan krich ou a pou
m' bwè. Si li reponn mwen: **44** Ou mèt bwè! Apre sa, m'a
bay chamo ou yo bwè tou, tanpri fè se li menm ou chwazi
pou madanm pitit mèt mwen an. **45** Mwen pa t' menm
fin di pawòl sa yo nan kè m', lè m' wè Rebeka rive ak
krich li sou zepòl li. Li desann nan sous la, li pran dlo
epi mwen di l': Tanpri, ban m' ti gout dlo pou m' bwè. **46**
Lamenm, li desann krich la soti sou zepòl li, li di m': Bwè
non. Apre sa, m'a bay chamo ou yo bwè tou. Mwen bwè,
epi li bay chamo m' yo bwè tou. **47** Mwen mande l': Pitit ki
moun ou ye? Li reponn mwen: Mwen se pitit fi Betwèl,
pitit gason Milka ak Nakò. Lè sa a, mwen mete zanno a
nan nen l', mwen mete braslè sa yo nan bra l'. **48** Mwen
tonbe ajenou, mwen bese tèt mwen jouk atè devan Seyè
a, mwen fè lwanj Seyè a, Bondye Abraram, mèt mwen an,
paske li mennen m' tout dwat lakay frè mèt mwen an,
kote mwen jwenn yon madanm pou pitit gason l' lan. **49**
Alèkile, si nou vle aji byen avè l', si nou vle fè l' konfyans,
fè m' konnen. Si nou pa dakò, fè m' konnen tou, pou m' ka
konnen sa pou m' fè. **50** Laban ak Betwèl reponn: -Bagay
sa a se travay Seyè a, Bondye a. Nou pa gen anyen pou
n' di nan sa. **51** Men Rebeka devan ou, pran li, mennen l'
ale pou l' vin madanm pitit gason mèt ou a, jan Bondye te
di l' la. **52** Lè domestik Abraram lan tande sa, li tonbe
ajenou, li bese tèt li jouk atè devan Seyè a. **53** Apre sa, li
pran rale bèl bijou fèt an ajan ak an lò ansanm ak rad, li
bay Rebeka. Li te bay frè a ak manman an anpil bèl kado
tou. **54** Apre sa, domestik Abraram lan manje ansanm
ak moun ki te avè l' yo, yo bwè, yo dòmi. Nan maten,
lè yo leve, domestik la di: -Kite m' tounen al jwenn mèt
mwen. **55** Men, frè a avèk manman an di konsa: -Kite fi a
pase dis jou ankò avèk nou non. Apre sa, n'a pati. **56** Li
reponn yo: -Pa ban m' reta. Seyè a pa fè m' vwayaje pou
gremesi. Tanpri, kite m' al jwenn mèt mwen. **57** Yo di l': -
Bon. Ann rele fi a. Ann mande l' sa l' di nan sa. **58** Yo
rele Rebeka, yo mande l': -Eske ou vle ale ak nonm sa
a? Li reponn: -Wi, mwen vle ale. **59** Se konsa yo kite
Rebeka, sè yo a, ansanm ak bòn ki te nouris li a pati avèk
domestik Abraram lan, ansanm ak moun ki te vin avè l' yo.
60 Yo beni Rebeka, yo di l': -Rebeka, sè nou, nou mande
Bondye pou ou fè anpil anpil pitit. Se pou pitit pitit ou yo
bat tout lènmi yo. **61** Apre sa, Rebeka avèk tout sèvant
li yo leve, yo moute chamo yo, yo pati avèk nonm lan.
Domestik la pran l', li pati ak li. **62** Lè sa a, Izarak te vini
nan dezè a, bò kote Pi moun vivan ki wè m' lan. Li te rete
nan peyi Negèv. **63** Yon jou swa, Izarak t'ap pwonmennen
deyò nan jaden li, li t'ap kalkile. Li leve je l', li gade, li
wè kèk chamo ki t'ap vini. **64** Menm lè a tou, Rebeka
leve je l', li wè Izarak. Li desann chamo a. **65** Li mande
domestik la: -Ki msye sa a k'ap mache vin jwenn nou nan
jaden an? Domestik la reponn li: -Se mèt mwen an wi.
Rebeka pran yon vwal, li bouche figi l'. **66** Domestik la
rakonte Izarak tout sa li te fè. **67** Izarak mennen Rebeka

lakay li, kay ki te pou Sara, manman l' lan. Li pran l' pou
madanm li. Izarak te renmen Rebeka. Se konsa li te jwenn
konsolasyon, apre li te fin pèdi manman l' lan.

25 Abraram te pran yon lòt fanm yo te rele Ketoura.
2 Ketoura fè sis pitit pou li: Zimran, Joksan, Medan,
Madyan, Jisbak ak Swak. **3** Joksan te papa Seba ak
Dedan. Men pitit Dedan yo: Se te moun Achou yo, moun
Letouch yo ak moun Lemou yo. **4** Men pitit Madyan yo:
Se te Efa, Efe, Enòk, Abida ak Elda. Se tout moun sa yo
ki te pitit ak pitit pitit Ketoura. **5** Abraram kite tout byen l'
yo pou Izarak. **6** Men anvan l' mouri, li te bay pitit li te fè
ak lòt fanm kay yo kèk kado. Apre sa, li fè yo pati, li voye
yo byen lwen Izarak, pitit gason l' lan, li voye yo nan peyi
kote solèy leve a. **7** Abraram te viv sanswasannkenzan
(175 an). **8** Abraram te fin granmoun, li te wè kont jou l', li
te pase vye jou l' yo san pwoblèm. Apre sa li mouri, li al
jwenn moun li yo ki te mouri deja. **9** Izarak ak Izmayèl,
pitit li yo, antere l' nan twou wòch Makpela a, nan jaden
Efwon, pitit Zoka, yon moun Et, anfas Manmre. **10** Se
jaden sa a Abraram te achte nan men mesye Et yo. Se
la yo te antere Abraram ak Sara, madanm li. **11** Apre
Abraram mouri, Bondye te beni Izarak, pitit gason l' lan,
ki te rete toupre Pi moun vivan ki wè m' lan. **12** Men
pitit pitit Izmayèl, pitit Abraram lan. Se Aga, moun peyi
Lejip, sèvant Sara, ki te fè pitit sa a pou Abraram. **13**
Men non pitit Izmayèl yo. N'ap konmanse ak pi gran an
pou rive sou pi piti a. Nebajòt te premye pitit Izmayèl.
Apre li vini Keda, Adbeyèl, Mibsam, **14** Michma, Douma,
Masa, **15** Adad, Tema, Jetou, Nafich ak Kedma. **16** Se yo
ki te pitit Izmayèl. Se konsa yo te rele yo ansanm ak tout
katye kote yo te rete ak kote yo te moute tant yo. Sa te
fè douz chèf, chak ak nasyon pa yo. **17** Izmayèl te gen
santrannsetan (137 an) lè l' mouri. Y al antere l' menm
kote ak moun li yo ki te mouri deja. **18** Pitit pitit Izmayèl yo
te rete sou teritwa ki konmanse depi Avila rive jouk Chou,
anfas peyi Lejip sou bò solèy leve a, anvan ou pran peyi
Lasiri. Yo t'ap viv pou kont yo. Yo pa t' mele ak rès fanmi
yo. **19** Men istwa Izarak, pitit Abraram. **20** Abraram te
papa Izarak. Izarak te gen karantan lè li marye ak Rebeka
ki te pitit fi Betwèl, moun lavil Aram, ki te rete nan peyi
Mezopotami an. Rebeka te sè Laban, moun lavil Aram.
21 Madanm Izarak pa t' ka fè pitit. Izarak lapriyè Seyè a
pou li, Seyè a reponn li. Rebeka, madanm li, vin ansent.
22 De ti pitit yo t'ap plede goumen nan vant li. Rebeka di: -
Si se konsa sa ye, mwen pa konprann anyen? li al lapriyè
Seyè a. **23** Seyè a reponn li: -Ou gen de nasyon nan vant
ou. W'ap fè de pèp: chak ap pran bò pa yo. Yonn p'ap vle
wè lòt. Yonn ap pi gwonèg pase lòt. Pi gran an pral sou
zòd pi piti a. **24** Lè jou pou Rebeka akouche a rive, li fè de
marasa. **25** Premye ki te fèt la te tout wouj. Li te kouvri ak
pwal sou tout kò l'. Se poutèt sa yo te rele l' Ezaou. **26** Lè
dezyèm lan te fèt, men li te kenbe Ezaou nan talon pye l':
se poutèt sa yo rele l' Jakòb. Izarak te gen swasantan
sou tèt li lè yo te fèt. **27** Timoun yo grandi. Ezaou te vin
yon bon chasè, li te toujou nan bwa. Men Jakòb te yon
nonm byen dousman, li te renmen rete lakay. **28** Izarak te
pito Ezaou, paske li te renmen manje vyann jibye, men
Rebeka te pito Jakòb. **29** Yon jou, Jakòb te fin kwit yon
bon bouyon, Ezaou antre sot nan jaden, li te bouke anpil.
30 Li di Jakòb konsa: -M'ap mouri grangou. Tanpri, ban m'
ti gout nan bouyon pwa wouj ou a. Se poutèt sa yo te bay
Ezaou yon lòt ti non. Yo te rele l' Edon. **31** Men Jakòb
di l': -M'ap ba ou ti gout si ou vann mwen dwa ou kòm
premye pitit. **32** Ezaou reponn: -Dakò. Mwen pral mouri.
Kisa dwa kòm premye pitit la ap sèvi m'? **33** Jakòb di li: -
Fè m' sèman anvan. Ezaou fè sèman ba li, li vann li dwa l'
kòm premye pitit. **34** Lèfini, Jakòb ba li pen ak ti gout nan
bouyon pwa a. Ezaou manje, li bwè. Li leve, li pati. Konsa,
Ezaou te konsidere dwa li kòm premye pitit pou anyen.

26 Te vin gen yon lòt grangou nan peyi a, pi rèd pase
sa ki te tonbe sou peyi a nan tan Abraram lan. Lè
sa a, Izarak ale yon kote yo rele Gera kay Abimelèk, wa
moun Filisti yo. **2** Izarak fè yon vizyon, li wè Seyè a parèt
devan l'. Seyè a di l': -Pa desann nan peyi Lejip, rete kote
m'ap di ou rete a. **3** W'a pase kèk tan nan peyi sa a. M'ap
avè ou, m'ap beni ou, paske mwen pral ba ou tout tè sa
a pou ou menm ak pou tout ras ou. m'a kenbe sèman
mwen te fè bay Abraram, papa ou. **4** M'ap ba ou anpil
anpil pitit tankou zetwal nan syèl la. M'ap ba yo tout tè
sa yo. Gremesi pitit pitit ou yo, tout nasyon sou latè pral
jwenn benediksyon. **5** tout sa, paske Abraram te tande m'
lè m' te pale avè l', li te swiv tout lòd mwen yo ak tout
kòmandman mwen yo. Li te fè tout sa mwen mande l', li te
obeyi tout lwa mwen yo. **6** Se konsa Izarak rete kote yo
rele Gera a. **7** Lè mesye ki te rete nan peyi a mande l'
kisa madanm li ye pou li, li reponn yo se sè l' li ye, paske
li te pè di se madanm li Rebeka te ye pou mesye yo pa t'
touye l' pou yo te ka pran Rebeka ki te bèl anpil. **8** Izarak
te gen kèk tan depi l' te rete la. Yon jou, Abimelek, wa
moun Filisti yo, t'ap gade nan fennèt li, li te wè Izarak
ki t'ap pase men sou Rebeka, madanm li. **9** Lè sa a,
Abimelèk voye chache Izarak. Li di l' konsa: -Gade non,
monchè, se madanm ou li ye! Poukisa ou di se sè ou li
ye! Izarak reponn li: -Mwen te di sa paske mwen te kwè
yo ta ka touye m', si m' te di se madanm mwen li ye. **10**
Abimelèk di l': -Kisa ou fè nou konsa? Yonn nan mesye
nou yo ta ka byen rive kouche avèk madanm ou! Se ou ki
ta lakòz nou fè peche sa a. **11** Se konsa Abimelèk pase
lòd sa a bay tout pèp la: -Si yon moun manyen nonm sa
a, osinon madanm li, y'ap touye l'. **12** Izarak fè jaden nan
peyi a. Lè lanne a bout, li rekòlte san fwa valè sa l' te
plante a, paske Seyè a te beni l'. **13** Msye te vin rich. Li
t'ap fè lajan toujou, jouk li rive vin rich anpil anpil. **14** Li te
gen kantite kabrit, mouton ak bèf, ak anpil moun ki t'ap
sèvi l'. Sa te fè moun Filisti yo rayi sò li. **15** Se konsa
yo konble tout pi domestik Abraram yo te fouye sou tan
Abraram, papa Izarak. Yo plen yo tè. **16** Lèfini, Abimelèk
di Izarak: -Pati, al fè wout ou! Ou pi grannèg pase nou. **17**
Se konsa Izarak pati kite kote l' te ye a, li ale nan Fon
Gera a. Se la li moute kay li pou l' rete. **18** Li fè refouye

tout pi dlo yo te fouye sou tan Abraram, papa l'. Se pi sa
yo moun Filisti yo te bouche apre lanmò Abraram. Izarak
ba yo menm non papa l' te ba yo a. 19 Domestik Izarak yo
te fouye ankò nan fon an. Yo te jwenn yon sous dlo k'ap
ponpe. 20 Men, gadò mouton peyi Gera yo leve yon sèl
kont avèk gadò mouton Izarak yo. Yo t'ap di: -Dlo sa a, se
pou nou li ye. Se konsa Izarak rele pi a Pi dezagreman
paske yo te chache l' dezagreman pou dlo a. 21 Domestik
Izarak yo fouye yon lòt pi ki te lakòz yo chache yo kont
ankò. Se konsa Izarak rele pi a Pi ki fè lènmi. 22 Lè l' wè
sa, li wete kò l' kote l' te ye a, li fouye yon lòt pi pou sa
pa t' fè kont. Se poutèt sa li rele pi a Pi ki pa nan kont.
Li di: -Koulye a Seyè a ban nou kont espas nan peyi a
pou nou pa nan kont. Se atò zafè nou pral mache nan
peyi a. 23 Izarak pati, li moute Bècheba. 24 Menm jou sa
a, nan mitan lannwit, Seyè a parèt nan yon vizyon, li di
Izarak konsa: -Mwen se Bondye Abraram, papa ou. Ou pa
bezwen pè anyen, paske mwen la avèk ou. M'ap beni ou,
m'ap ba ou anpil pitit pitit, poutèt Abraram, sèvitè m' lan.
25 Izarak bati yon lotèl la, li fè sèvis pou Seyè a. Li moute
kay li la. Domestik li yo fouye yon lòt pi. 26 Abimelèk soti
Gera, li vin wè Izarak. Li te gen avè l' Akouzat, yon bon
zanmi l', ak Pikòl, kòmandan lame li a. 27 Izarak mande
yo: -Poukisa nou vin wè m' koulye a? Jan nou te rayi m'
sa a jouk nou te rive mete m' deyò nan peyi nou an! 28
Yo reponn li: -Koulye a nou konnen Seyè a avèk ou. Se
poutèt sa nou di n'ap fè yon kontra avè ou, n'ap sèmante
yonn bay lòt. 29 W'ap sèmante ou p'ap janm fè nou anyen,
menm jan nou pa t' janm fè ou anyen. W'ap sèmante nou
te toujou aji byen avè ou. Nou kite ou ale san bri san kont.
Koulye a, ou gen benediksyon Bondye sou ou. 30 Izarak
fè gwo fèt pou yo. Yo manje, yo bwè. 31 Nan granmaten,
yo leve, yo sèmante yonn bay lòt. Apre sa, moun Filisti yo
di Izarak orevwa. Yo separe tankou de bon zanmi, epi y al
fè wout yo. 32 Menm jou sa a, domestik Izarak yo vin ba
l' nouvèl pi yo t'ap fouye a. Yo di l': -Nou jwenn dlo. 33
Izarak rele pi a Chibeya. Se poutèt sa, jouk jòdi a, yo rele
lavil la Bècheba. 34 Ezaou te gen karantan lè l' marye ak
Jidit, pitit fi Beri, yon moun Et. Li te gen yon lòt madanm
tout yo te rele Basmat, pitit fi Elon, yon moun Et tou. 35
Medam sa yo te rann Izarak ak Rebeka lavi minab.

27 Izarak te fin vye granmoun, je l' pa t' bon, li pa t'
kapab wè ladan yo ankò. Li rele premye pitit li a,
Ezaou, li di l' konsa: -Pitit mwen, Ezaou reponn li: -Men
mwen wi, papa. 2 Izarak di l': -Ou wè jan m' fin vye. Mwen
pa konn ki jou m'ap mouri. 3 Tanpri, pran zam ou yo,
flèch ou yo ak banza ou la. Ale nan bwa a, chase jibye
pou mwen. 4 Lèfini, pare vyann lan jan ou konnen mwen
renmen l' lan, pote l' ban mwen. m'a manje. Epi m'a ba ou
benediksyon mwen anvan m' mouri. 5 Rebeka menm t'ap
tande sa Izarak t'ap di Ezaou, gason l' lan. Ezaou soti, li
pati li al lachas pou papa l'. 6 Lè sa a, Rebeka di Jakòb,
pitit li a: -Men mwen fèk tande papa ou di Ezaou, frè ou la:
7 Al chase jibye pote pou mwen, kwit li, m'a manje. Apre
sa, m'a beni ou devan Seyè a anvan m' mouri. 8 Koulye
a, pitit mwen, koute sa m'ap di ou: Fè sa m'ap mande ou
la. 9 Ale pran de jenn kabrit byen gra nan bann lan, pote
yo ban mwen. m'a pare yo pou papa ou jan m' konnen li
renmen l' lan. 10 W'a pote l' bay papa ou, la manje, la
beni ou anvan l' mouri. 11 Jakòb reponn manman l': -Men
manman, Ezaou, frè mwen an, gen pwal sou tout kò li.
Mwen menm, po pa m' lis. 12 Si papa m' manyen m', la
wè se twonpe m'ap twonpe l'. Lè sa a pase li ban mwen
benediksyon, la ban m' madichon pito. 13 Men manman
an reponn: -Madichon la ba ou a va tonbe sou mwen, pitit
mwen. Ou menm, fè sa mwen di ou fè a, al chache kabrit
yo mennen ban mwen. 14 Jakòb ale chache bèt yo, li
mennen yo bay manman l'. Manman l' pare yon manje jan
li konnen papa a te renmen l' lan. 15 Apre sa, Rebeka
pran rad Ezaou, premye pitit li a, pi bèl rad Ezaou te gen
lakay la, li mete yo anwo Jakòb, dezyèm pitit li a. 16 Avèk
po ti kabrit yo, li kouvri bra ak kou Jakòb. 17 Apre sa, li
bay Jakòb manje a avèk pen li te fè. 18 Jakòb al jwenn
papa l', li di: -Papa. Izarak reponn li: -Men mwen, pitit
mwen. Kilès nan nou ki la a? 19 Jakòb reponn: -Se mwen
menm Ezaou, premye gason ou lan. Mwen fè sa ou te di
m' fè a. Leve non, chita. Manje vyann mwen pote pou
ou a. Apre sa, wa ban mwen benediksyon. 20 Izarak di
Jakòb: -Ki jan ou fè jwenn bèt la vit konsa, pitit mwen?
Jakòb reponn li: -Seyè a, Bondye ou la, ede m'. Li fè
jibye a vin devan mwen. 21 Izarak di: -Pwoche non. Vini
mwen manyen ou, pitit mwen, pou m' wè si wi ou non
ou se Ezaou, pitit mwen an. 22 Jakòb pwoche bò kote
Izarak, papa l', ki manyen l'. Epi Izarak di: -Vwa a se vwa
Jakòb, men bra a se bra Ezaou. 23 Li pa t' rekonèt Jakòb,
paske bra li te plen pwal tankou bra Ezaou, frè li a. Izarak
beni l'. 24 Li di l': -Se vre, se Ezaou, pitit mwen, ou ye?
Jakòb reponn li: -Se mwen wi. 25 Izarak di l': -Sèvi m'
non. m'a manje vyann ou pote a. Apre sa, m'a beni ou.
Jakòb sèvi l' manje a, li manje. Lèfini, Jakòb ba li diven, li
bwè. 26 Izarak, papa l', di l': -Pwoche non, pitit mwen.
vin bo m'. 27 Jakòb pwoche, li bo papa l'. Papa a pran
sant rad ki te sou li a, epi li ba li benediksyon l'. Li di l': -
Sant kò pitit mwen an tankou sant yon jaden Seyè a beni.
28 Se pou Bondye ba ou lawouze ki soti nan syèl la. Se
pou l' fè jaden ou donnen anpil. Se pou l' ba ou bèl rekòt
ble ak rezen. 29 Se pou kantite pèp soumèt devan ou.
Se pou kantite nasyon bese tèt devan ou. Se ou menm
ki pou mèt frè ou yo. Se pou pitit pitit manman ou yo
bese tèt devan ou. Se pou tout moun ki ba ou madichon
jwenn madichon. Se pou tout moun ki beni ou jwenn
benediksyon. 30 Izarak te fin beni Jakòb. Jakòb te fèk kite
papa li, Izarak, lè Ezaou, frè li a, antre soti lachas. 31 Li te
pare yon bon plat manje, li pote l' bay papa l'. Li di l': -
Leve chita non, papa. Manje vyann pitit ou pote pou ou a,
pou ou ka beni l'. 32 Izarak, papa l', mande: -Ki moun sa
a? Li reponn: -Se mwen menm, Ezaou, premye pitit gason
ou lan. 33 Tande Izarak tande sa, li sezi, li pran tranble
kou fèy bwa. Li di: -Kilès sa ki te pote ban m' manje jibye
li sot chase a? Mwen fèk fin manje anvan ou rive la a.

Mwen ba li benediksyon m' lan ki pou li nèt. **34** Lè Ezaou
tande sa, yon sèl kòlè moute l', li tonbe rele byen fò: -
Beni m' tout non, papa! **35** Izarak reponn li: -Frè ou la
vini, li twonpe m'. Li pran benediksyon ki te pou ou a. **36**
Ezaou di: -Sa fè dezyèm fwa li pran sak pou mwen. Eske
se paske li rele Jakòb la kifè l'ap pase devan m' konsa?
Premye fwa a, li te pran dwa m' kòm premye pitit. Men
koulye a, li pran benediksyon ki te pou mwen an! Apre sa,
li di: -Men papa, èske ou pa gen yon lòt benediksyon pou
mwen? **37** Izarak reponn Ezaou: -Mwen mete l' chèf sou
ou. Mwen fè tout rès fanmi an tounen moun k'ap sèvi l'.
Mwen ba li mezi pwovizyon l'. Kisa m' ka fè pou ou ankò,
pitit mwen? **38** Ezaou di papa a: -Se sèl benediksyon sa a
ou te genyen, papa? Tanpri, beni m' tout non, papa! Lè sa
a, Ezaou pete yon sèl rèl, li kriye byen fò. **39** Se konsa
Izarak di l': -Latè p'ap ba ou sa l' te dwe ba ou. p'ap gen
lawouze ki soti nan syèl la pou wouze jaden ou. **40** Se
zam ou k'ap fè ou viv. W'ap sèvi frè ou la, se vre. Men, se
pye poudre ou ye, w'a soti anba men l'. **41** Ezaou te rayi
Jakòb poutèt papa a te ba li benediksyon ki te pou li a. Li
di nan kè l': Papa m' pa lwen mouri. Fini yo fini antere l',
m'ap touye Jakòb, frè mwen an. **42** Yo vin rapòte bay
Rebeka sa ki te soti nan bouch Ezaou, premye pitit gason
l' lan. Li fè rele Jakòb, dezyèm pitit li a, li di l': -Koute!
Ezaou, frè ou la, vle tire revanj sou ou. Li vle touye ou.
43 Koulye a, pitit mwen, koute sa m'ap di ou la. Leve,
pati ale kay Laban, frè mwen an ki rete nan peyi Karan.
44 W'a rete kèk tan la avèk li, jouk tan kòlè frè ou la va
bese, **45** jouk tan la sispann move sou ou, jouk li va bliye
sa ou te fè l' la. Lè sa a, atò, m'a voye chache ou, m'a
fè ou tounen. Poukisa pou m' ta pèdi tou de pitit gason
m' yo yon sèl jou a? **46** Rebeka di Izarak konsa: -Mwen
degoute, mwen bouke ak bann fi Et sa yo. Pase pou m' ta
wè Jakòb pran yonn nan moun sa yo, yonn nan bann fi Et
sa yo k'ap viv nan peyi a pou madanm, pito m' mouri!

28 Izarak rele Jakòb, li beni l'. Apre sa, li ba li lòd sa a:
-Piga ou pran fi peyi Kanaran an pou madanm ou.
2 Leve non, ale Mezopotami lakay Betwèl, papa manman
ou. W'a pran yonn nan piti fi Laban yo pou madanm.
Laban, se frè manman ou. **3** Mwen mande Bondye ki gen
tout pouvwa a pou l' beni maryaj ou, pou l' ba ou anpil
pitit, pou ou tounen zansèt anpil nasyon. **4** Se pou l' beni
ou, ou menm ansanm ak tout pitit pitit ou yo, menm jan
li te beni Abraram, pou ou ka pran posesyon peyi kote
w'ap viv koulye a, peyi li te deja bay Abraram lan. **5** Se
konsa Izarak fè Jakòb pati. Jakòb ale nan Mezopotami
lakay Laban, pitit Betwèl, moun peyi Aram lan. Laban
se te frè Rebeka, manman Jakòb ak Ezaou. **6** Ezaou
vin konnen ki jan Izarak te beni Jakòb, ki jan li te voye l'
Mezopotami al chache yon madanm. Li vin konnen tout
lè Izarak t'ap beni Jakòb la, li te pase l' lòd sa a: Piga
ou pran fi peyi Kanaran an pou madanm ou. **7** Ezaou te
wè Jakob te obeyi papa l' ak manman l', li te pati pou
Mezopotami. **8** Konsa, Ezaou vin wè Izarak papa l' pa t'
renmen fi peyi Kanaran yo. **9** Li leve, li ale lakay Izmayèl,
lòt pitit gason Abraram lan, li pran yon lòt madanm mete
sou sa li te genyen deja yo. Li marye ak Maalat, yonn nan
pitit fi Izmayèl yo. Maalat sa a, se te sè Nebajòt. **10** Jakòb
kite Bècheba, li pati pou Karan. **11** Li rive yon kote, li rete
pase nwit la la, paske sòlèy te fin kouche. Li pran yon
wòch sèvi l' zòrye, epi li kouche atè a konsa pou l' dòmi.
12 Li fè yon rèv. Li reve li wè yon nechèl ki te kanpe de
pye l' atè ak tèt li pèdi nan syèl la. Zanj Bondye yo t'ap
moute desann sou nechèl la. **13** Epi li wè Seyè a kanpe
anwo nechèl la. Seyè a t'ap di: -Se mwen menm, Seyè a,
Bondye Abraram, zansèt ou, ak Bondye Izarak. Ou wè tè
kote ou kouche a, m'ap ba ou l' pou ou menm ansanm ak
tout pitit pitit ou yo. **14** Pitit pitit ou yo pral menm kantite ak
grenn pousyè ki sou latè. Yo pral gaye nan tout direksyon,
lès, lwès, nò, sid. Ou menm ak tout pitit pitit ou yo, nou
pral tounen yon benediksyon pou tout moun ki sou latè.
15 Pa bliye, m'ap toujou la avèk ou, m'ap voye je sou ou
kote ou pase. M'ap fè ou tounen nan peyi sa a, paske
mwen p'ap lage ou san m' pa fè tout sa mwen sot di ou la
a. **16** Jakòb leve nan dòmi an, li di: -Wè pa wè, Seyè a isit
la, mwen pa t' konn sa. **17** Msye vin pè, li di: -Isit la se
yon kote pou moun respekte! Se pa lòt bagay, isit la se
kay Bondye ak pòt syèl la. **18** Jakòb leve byen bònè, li
pran wòch li te fè sèvi l' zòrye a, li plante l' tankou yon bòn
tè, li vide lwil sou li pou mete l' apa pou Bondye. **19** Li rele
kote sa a Betèl. (Anvan sa, lavil la te rele Louz.) **20** Jakòb
fè yon pwomès bay Seyè a, li di: -Si Bondye toujou kanpe
avèk mwen, si li voye je sou mwen nan tout vwayaj sa
m'ap fè a, si li ban m' manje pou m' manje ak rad pou m'
met sou mwen, **21** si l' fè m' tounen ak kè poze lakay
papa m', Seyè a va Bondye m' vre. **22** Wòch sa a mwen
plante nan tè tankou bòn lan va sèvi kay pou Bondye. m'a
ba ou yon dizyèm nan tout sa ou va ban mwen.

29 Jakòb pran mache ankò, li ale nan direksyon peyi
moun ki rete bò kote solèy leve a. **2** Li rete konsa, li
wè yon pi nan mitan savann lan. Te gen twa bann mouton
ki te kouche bò pi a. Se nan pi sa a yo te konn pran dlo
pou bay bèt yo bwè. Men te gen yon gwo wòch ki te
bouche bouch pi a. **3** Lè tout bèt yo te sanble, gadò yo te
met ansanm pou wete wòch la sou bouch pi a pou fè bèt
yo bwè. Apre sa, yo tounen met kouvèti a sou bouch pi a
ankò. **4** Jakòb mande gadò mouton yo konsa: -Zanmi
m' yo, moun ki bò nou ye? Yo reponn li: -Nou se moun
Karan. **5** Li di yo: -Eske nou konnen Laban, pitit Nakò a?
Yo reponn li: -Men wi, nou konnen l'. **6** Li mande yo: -Ban
m' nouvèl li non. Li byen? Yo reponn li: -Li byen wi. Gade,
men Rachèl, pitit fi li a, k'ap vini ak bann mouton li yo. **7**
Jakòb di yo: -Men, solèy la byen wo toujou, se poko lè
pou nou antre mouton yo. Sak fè nou pa bay yo bwè, epi
nou ta tounen mete yo nan manje? **8** Yo reponn li: -Nou
pa ka fè sa. Fòk nou tann tout bann mouton yo sanble.
Atòkile, nou tout n'a met men ansanm pou n' woule wòch
ki sou bouch pi a. Se lè sa a n'a bay mouton yo bwè. **9**
Jakòb t'ap pale ak yo toujou lè Rachèl vin rive ak bann
mouton papa l' yo. Se li menm ki te gade mouton l' yo pou

li. **10** Kou Jakòb wè Rachèl, pitit fi Laban, frè manman l'
lan, avèk bann mouton Laban yo, li pwoche, li woule wòch
ki te sou bouch pi a, li bay bann mouton Laban yo bwè.
11 Lè l' fini, li bo Rachèl. Apre sa, li pran kriye. **12** Jakòb
fè Rachèl konnen se ti fanmi Laban li ye, pitit Rebeka,
sè Laban an. Rachèl kouri al di papa l' sa. **13** Lè Laban
tande se pitit sè li a, li kouri al jwenn li. Li pran l', li pase
men nan kou l', li bo l', epi li mennen l' lakay li. Rive yo
rive Jakòb rakonte l' tout sak te pase. **14** Lè sa a, Laban
di l': -Aa wi, se ras mwen ou ye vre. Jakòb rete pase yon
mwa lakay Laban. **15** Laban mande Jakòb: -Ou se fanmi
m', se vre. Men, sa pa vle di fòk ou sevi m' gratis pou sa.
Di m' konbe pou m' peye ou? **16** Laban te gen de pitit fi.
Pi gran an te rele Leya, pi piti a te rele Rachèl. **17** Leya te
gen je pichpich, men Rachèl te gen bèl fòm kò, li te bèl
anpil. **18** Jakòb te renmen Rachèl. Li reponn Laban: M'ap
sèvi avè ou sèt lanne pou Rachèl, dezyèm pitit fi ou la. **19**
Laban di l': Pito se ou menm mwen bay li pase m' bay
yon lòt moun li. Ou mèt rete lakay mwen. **20** Se konsa
Jakòb pase sètan ap travay kay Laban pou l' te ka marye
ak Rachèl. Sèt lanne yo te pase tankou dlo, paske li te
renmen ti fi a. **21** Lè lè a rive, Jakòb di Laban: -Bon. Li lè
atò pou ou ban m' pitit fi ou la pou m' ka marye avè l'.
22 Se konsa Laban fè yon gwo resepsyon nòs, li envite
tout moun nan kanton an. **23** Men aswè, li te pran Leya,
pitit fi li a, li mennen l' bay Jakòb ki kouche avè l'. **24**
Laban te pran Zilpa, yonn nan sèvant li yo, li bay Leya
pou sèvant pa li. **25** Nan denmen maten, Jakòb vin wè se
Leya yo te ba li. Li di Laban: -Kisa ou fè m' konsa? Eske
se pa pou Rachèl mwen te sèvi avèk ou? Poukisa ou
ban m' koutba sa a? **26** Laban di l': -Se pa koutim nou
isit pou n' marye ti sè anvan gran sè. **27** Tann senmenn
lan fin pase. Lè sa a, n'a fin fete nòs la. Apre sa, m'a ba
ou Rachèl, si ou dakò pou sèvi avè m' pandan sèt lòt
lanne ankò. **28** Jakòb tonbe dakò. Lè senmenn fèt la fin
pase, Laban pran lòt pitit fi l' la, Rachèl, li bay Jakòb li pou
madanm tou. **29** Laban pran Bila, yonn nan sèvant li yo, li
bay Rachèl li pou sèvant li. **30** Jakòb kouche ak Rachèl.
Li te renmen l' pi plis pase Leya. Li sèvi ak Laban pandan
sèt lanne ankò. **31** Lè Seyè a wè jan Jakòb pa t' renmen
Leya, li fè l' fè pitit. Men, Rachèl pa t' kapab fè pitit. **32**
Leya vin ansent, li fè yon pitit gason, li di: -Seyè a wè jan
m'ap soufri. Koulye a, mari m' va renmen m'. Se konsa li
rele l' Woubenn. **33** Leya vin ansent ankò, li fè yon lòt
gason. Li di: -Seyè a ban m' yon lòt gason ankò, paske li
wè jan mari m' pa renmen m' menm. Se konsa li rele l'
Simeyon. **34** Li vin ansent yon twazyèm fwa, li fè yon lòt
pitit gason ankò. Li di: -Fwa sa a, mari m' pral rete avè m'
nèt paske mwen fè twa pitit gason pou li. Se konsa li rele
l' Levi. **35** Apre sa, li vin ansent ankò, li fè yon lòt pitit
gason. Li di: -Fwa sa a, m'ap fè lwanj Seyè a. Se konsa li
rele l' Jida. Apre sa, Leya sispann fè pitit.

30 Lè Rachèl wè li pa t' kapab fè pitit pou Jakòb, li vin
gen yon sèl jalouzi kont sè li a, li di Jakòb: -Fè m'
fè pitit! Si se pa sa m'ap mouri sou kont ou! **2** Jakòb fè
kòlè sou Rachèl, li di li: -Eske se mwen ki Bondye? Se li
menm ki anpeche ou fè pitit. **3** Rachèl di li: -Bon. Men
Bila, sèvant mwen an. Kouche avè l'. La fè yon pitit pou
mwen. Konsa, gremesi Bila, m'a gen pitit tou. **4** Se konsa,
Rachèl te pran sèvant li a, li bay Jakòb pou madanm.
Jakòb kouche ak Bila. **5** Bila vin ansent, li fè yon ti gason
pou Jakòb. **6** Lè sa a, Rachèl di: -Seyè a rann mwen
jistis. Li tande vwa mwen. Li ban m' yon gason. Se poutèt
sa Rachèl te rele pitit la Dann. **7** Apre sa, Bila, sèvant
Rachèl la, vin ansent ankò, li fè yon dezyèm gason pou
Jakòb. **8** Rachèl di: -Mwen t'ap mennen yon gwo batay
kont sè m' lan devan Bondye. Men se mwen ki genyen.
Se konsa li rele pitit la Nèftali. **9** Lè Leya wè li te sispann
fè pitit, li pran Zilpa, sèvant li a, bay Jakòb pou madanm
tou. **10** Zilpa, sèvant Leya a, fè yon ti gason pou Jakòb.
11 Leya di: -Ala fanm gen chans se mwen menm! Se
konsa li rele pitit la Gad. **12** Zilpa, sèvant Lea a, fè yon
dezyèm pitit gason pou Jakòb. **13** Leya di konsa: -Ala
benediksyon mwen jwenn! Koulye a medam yo pral di jan
mwen se yon fanm ki beni. Se konsa li rele pitit la Asè. **14**
Pandan rekòt ble a, Woubenn soti al nan jaden, li jwenn
kèk mandragò. Li pote rasen yo bay Leya, manman li.
Rachèl di Leya konsa: -Tanpri, ban m' kèk moso rasen
mandragò pitit ou pote pou ou a. **15** Leya reponn li: -Atò
ou pa fè m' ase? Ou fin pran mari m', koulye a ou vle pran
mandragò pitit gason m' lan tou? Rachèl di l': -Enben,
Jakòb va kouche avè ou aswè a pou mandragò pitit gason
ou lan. **16** Nan aswè, lè Jakòb parèt sot nan jaden, Leya
soti al kontre l', li di l' konsa: -Se pou ou vin kouche avè
m' aswè a, paske mwen bay mandragò pitit gason m' lan
pou sa. Se konsa, jou swa sa a, Jakòb kouche avèk Leya.
17 Bondye reponn lapriyè Leya a. Li vin ansent, epi li fè
yon senkyèm pitit gason pou Jakòb. **18** Leya di: -Bondye
ban m' sa m' merite a, paske mwen te bay mari m' sèvant
mwen an pou madanm. Se konsa, Leya rele pitit gason
an Isaka. **19** Leya vin ansent ankò, li fè yon sizyèm pitit
gason pou Jakòb. **20** Leya di: -Bondye fè m' yon bèl kado.
Fwa sa a, mari m' pral pou mwen nèt, paske mwen fè sis
pitit gason pou li. Se konsa li rele pitit la Zabilon. **21** Apre
sa, li fè yon pitit fi. Li rele l' Dena. **22** Lè sa a, Bondye vin
chonje Rachèl, li reponn lapriyè li, li fè l' ka fè pitit. **23**
Se konsa Rachèl vin ansent, li fè yon pitit gason. Li di: -
Bondye fè yo sispann pase m' nan rizib. **24** Epi Rachèl
rele pitit gason an Jozèf, paske li te di: -Se pou Seyè a ba
m' yon lòt gason ankò. **25** Apre Rachèl te fè Jozèf, Jakòb
di Laban konsa: -Kite m' pati pou m ale lakay mwen nan
peyi mwen. **26** Ban mwen madanm mwen yo ansanm
ak timoun yo pou m' ka ale, paske se pou yo mwen t'ap
sèvi ak ou. Ou konnen tout kantite sèvis mwen rann ou.
27 Laban reponn li: -Fè m' plezi sa a: mwen rekonèt se
poutèt ou Seyè a beni m' tout beni sa a. **28** Di m' sa pou
m' peye ou, m'a ba ou li. **29** Jakòb di l': -Ou konnen jan
mwen sèvi avè ou. Ou wè ki jan bann bèt ou yo peple
depi yo nan men m'. **30** Ti sa ou te genyen anvan m' te
vini an tounen yon kantite depi mwen mete pye m' isit la.

Akòz mwen Seyè a pa manke beni ou. Alekile, li lè pou m'
al travay pou tèt pa mwen. 31 Laban di l': -Kisa pou m' ba
ou? Jakòb reponn li: -Ou pa bezwen peye m' pou sa. Men
si ou dakò avèk sa mwen pral di ou la, m'a rete ankò
pou okipe bèt ou yo. 32 Jòdi a, mwen pral pwonmennen
mache nan mitan tout bèt ou yo. M'ap pran tout ti mouton
nwa, ak tout ti kabrit ki takte osinon pentle yo, m'ap mete
yo apa. Se sa ase w'a ban mwen pou sèvis mwen. 33 Lè
w'a vin wè sa ou dakò ban mwen an, w'a konnen si m' te
fè vis, wi ou non. Lè w'a vin kontwole sa ki pou mwen yo,
si mwen gen yon mouton ki pa nwa, osinon yon kabrit ki
pa takte ou ki pa pentle, ou mèt konnen se vòlè mwen
vòlè ou. 34 Laban reponn li: -Dakò. n'a fè l' jan ou di l' la.
35 Men menm jou a, Laban wete tout bouk kabrit ki te
gen pwal takte osinon ki te gen re sou tout kò yo, ak tout
fenmèl kabrit ki te gen pwal takte osinon pentle, ou ankò
ki te gen tach blan sou yo. Li wete tout mouton nwa yo, li
pran tout bèt sa yo, li renmèt yo bay pitit gason l' yo. 36
Apre sa, li pati byen lwen Jakòb avèk bann bèt li yo, li
mache pandan twa jou epi li rete. Jakòb menm te pran
swen rès mouton ak kabrit Laban yo. 37 Jakòb koupe kèk
branch vèt nan pye sikren, pye zanmann ak pye bwadòm,
li wete kèk lèz nan kòs yo. Konsa branch yo te vin gen
bann vèt, bann blan sou tout kò yo. 38 Li pran yo, li mete
yo tout kote yo bay bèt yo bwè dlo. Li te ranje branch bwa
yo la, paske se lè bèt yo vin bwè dlo yo kwaze. 39 Konsa,
lè bèt yo kwaze devan branch bwa de koulè yo, yo fè pitit
takte, pitit pentle, osinon ak re sou tout kò yo. 40 Jakòb
separe mouton yo, li pran tout mouton ki te takte osinon ki
te nwa nan mouton Laban yo, li mete yo apa. Se konsa, li
te vin gen yon bann bèt apa ki pa t' mele ak bèt Laban
yo. 41 Lè bèt ki gra yo ap kwaze, Jakòb mete branch yo
devan je yo kote y'ap bwè a. Konsa, yo kwaze devan
branch yo. 42 Men, li pa mete branch yo lè se bèt mèg yo
k'ap kwaze. Se konsa, bèt mèg yo vin pou Laban, epi bèt
gra yo vin pou Jakòb. 43 Jakòb vin rich anpil, Li te gen
anpil bèt. Kanta pou sèvant, domestik, chamo ak bourik, li
pa t' manke sa.

31 Jakòb vin konnen jan pitit gason Laban yo t'ap di:
-Jakòb fin pran tou sa ki te pou papa nou. Se byen
papa nou li fin ranmase kifè li rich konsa. 2 Jakòb vin wè
tout Laban pa t' ba li menm karaktè li te konn ba li anvan
an. 3 Lè sa a, Seyè a di l': -Tounen nan peyi kote ou te fèt
la, al jwenn fanmi ou. M'ap toujou la avè ou. 4 Se konsa
Jakòb fè chache Rachèl ak Leya. Li voye di yo rive kote
l' nan savann kote bèt li yo ye a. 5 Li di yo: -Mwen wè
karaktè papa nou pa menm jan avè m' ankò. Li chanje
anpil, men Bondye papa m' lan toujou avè m'. 6 Nou tout
de nou konnen jan mwen te sèvi ak papa nou ak tout
kouraj mwen. 7 Men li menm, li toujou ap twonpe mwen.
Li chanje lide dis fwa lè lè a rive pou li peye m'. Men,
Bondye pa janm kite l' fè m' anyen. 8 Lè Laban di: ou mèt
pran tout kabrit takte yo pou ou, tout bann bèt yo tonbe fè
pitit takte. Lè li di: m'ap ba ou tout kabrit ki gen re sou tout
kò yo, tout bann bèt yo tonbe fè pitit ak re sou tout kò
yo. 9 Se Bondye menm ki pran bann bèt papa nou yo,
li ban mwen yo. 10 Lè bèt yo mande kwaze, mwen fè
yon rèv, mwen wè tout bouk ki t'ap kwaze yo se bouk ki
takte, ki pentle ak sa ki gen re sou tout kò yo. 11 Zanj
Bondye a pale avè m' nan rèv la, li di m': Jakòb. Mwen
reponn li: Men mwen wi. 12 Li di m' ankò: Leve je ou
gade: tout bouk k'ap vole fenmèl yo se bouk ki takte ak
sa ki gen re sou tout kò yo. Se mwen menm k'ap fè sa
konsa, paske mwen wè tout sa Laban ap fè ou. 13 Mwen
se Bondye ki te parèt devan ou lè ou te Betèl, kote ou te
mete gwo wòch la apa pou mwen an. Ou chonje, lè sa a,
ou te fè yon pwomès ban mwen. Koulye a, leve, kite peyi
sa a. Tounen nan peyi kote ou te fèt la. 14 Rachèl ak
Leya reponn Jakòb: -Nou pa gen anyen ankò pou n' eritye
nan men papa nou. 15 Eske li pa konsidere nou tankou
etranje? Li vann nou. Koulye a, li fin manje tout lajan yo te
ba li pou nou an. 16 Tout richès Bondye wete nan men
papa nou an, se pou nou ansanm ak pitit nou yo. Koulye
a, se pou ou fè tout sa Bondye di ou fè. 17 Lè sa a,
Jakòb leve, li mete pitit li yo ansanm ak madanm li yo sou
chamo. 18 Li pran tout bèt li yo ansanm ak tout sa li te
rive genyen pandan li te Mezopotami an, li mennen yo
ale. Li pati, li al jwenn papa l', Izarak, nan peyi Kanaran.
19 Lè sa a, Laban t al taye lenn mouton l' yo. Pandan li
pa t' la, Rachèl vòlè ti zidòl kay papa l' yo. 20 Se konsa
Jakòb twonpe Laban, moun lavil Aram lan, li pati san l' pa
di l' sa. 21 Li pran tout sa li te genyen, li mete deyò, li ale,
li travèse larivyè Lefrat, li pran chemen pou li al sou mòn
Galarad. 22 Twa jou apre, Laban pran nouvèl Jakòb te
pati. 23 Msye pran moun pa li yo avè l', li pati dèyè Jakòb.
Apre sèt jou, li jwenn li sou mòn Galarad. 24 Men, pandan
lannwit, Bondye parèt devan Laban, moun lavil Aram lan,
nan yon rèv, li di l': -Piga ou di Jakòb anyen ni an byen, ni
an mal. 25 Se konsa, Laban jwenn Jakòb ki te moute
tant li sou mòn lan. Laban te moute tant li tout sou mòn
Galarad pou li menm ansanm ak moun pa l' yo. 26 Laban
di Jakòb: -Kisa ou fè konsa? Ou twonpe m', ou pran pitit fi
mwen yo, ou mennen yo ale tankou prizonye ou fè nan
lagè. 27 Poukisa ou twonpe m', ou leve ou pati an kachèt
san ou pa avèti m'? Si ou te di m' sa, nou ta fè fèt, nou ta
chante, nou ta bat tanbou, nou ta jwe gita anvan nou voye
ou ale. 28 Ou pa menm kite m' bo pitit pitit mwen yo ak
pitit fi m' yo. Ou aji tankou moun fou, monchè! 29 Mwen
gen kont pouvwa anba men m' pou m' ta regle ou. Men yè
swa, pandan lannwit lan Bondye papa ou la di m': Piga ou
di Jakòb anyen ni an byen, ni an mal. 30 Mwen konnen
ou pati paske se pa ti anvi ou pa te anvi tounen lakay
papa ou. Men, sa ou te bezwen vòlè ti zidòl kay mwen yo
fè? 31 Jakòb reponn Laban, li di l': -Mwen te pè, paske
mwen te kwè ou ta ka reprann pitit fi ou yo nan menm. 32
Men, kanta pou ti zidòl kay ou yo, si ou jwenn yo nan
men yon moun isit la, se pou moun sa a mouri. Men,
mwen pran tout moun sa yo pou temwen, si ou jwenn yon
bagay lakay mwen ki pou ou, pran l' pote l' ale. Jakòb pa
t' konnen Rachèl te vòlè ti zidòl kay yo. 33 Laban antre

anba tant Jakòb la, li chache, li ale anba tant Leya a,
apre sa anba tant de sèvant yo, li pa jwenn anyen. Li soti
anba tant Leya a, li antre anba tant Rachèl. la. **34** Rachèl
menm te pran ti zidòl kay yo, li te mete yo anba aparèy
chamo a, epi li chita sou yo. Laban menm chache tout
anba tant lan, li pa jwenn anyen. **35** Rachèl di papa l'
konsa: -Si ou wè mwen pa ka leve kanpe devan ou, ou
pa bezwen fache non. Se lalen mwen mwen genyen. Se
konsa Laban fouye toupatou, li pa jwenn ti zidòl kay li yo.
36 Lè sa a, Jakòb move sou Laban. Li pete yon kabouyay
ak li, li di l': -Ki krim mwen fè? Kisa m' fè ki mal pou w'ap
pousib mwen konsa? **37** Ou fin fouye tout zafè m' yo. Kisa
ou jwenn ki pou ou? Mete l' la devan moun pa ou yo ak
moun pa m' yo, pou yo ka di ki moun ki gen rezon! **38** Sa
fè ventan depi m avè ou. Mouton ou yo ak kabrit ou yo pa
janm manke fè pitit. Mwen pa janm manje yon ti bouk
nan bèt ou yo. **39** Lè bèt nan bwa touye yon mouton,
mwen pa janm pote l' ba ou. Mwen te pran pèt la sou
kont mwen. Ou te rann mwen reskonsab tout bèt yo vòlè,
kit se lannwit, kit se lajounen. **40** Lajounen, chalè te fini
avè m'. Lannwit, se te fredi, mwen pa t' kapab dòmi. **41**
Se konsa sa te ye pandan tout ventan mwen pase lakay
ou yo. Mwen travay pandan katòzan pou de pitit fi ou
yo. Apre sa, mwen fè sizan ankò ap travay pou bann bèt
ou yo. Atousa, ou jwenn mwayen chanje pawòl dis fwa
lè lè a rive pou ou peye m'. **42** Si Bondye papa m' lan,
Bondye Abraram lan, Bondye Izarak respekte a, pa t' la
avèk mwen, koulye a ou ta voye m' ale yon men devan
yon men dèyè. Men Bondye wè tout traka mwen bay tèt
mwen, li wè travay mwen fè, se konsa yè swa li rann
jijman li. **43** Laban reponn Jakòb: -Fi sa yo se pitit mwen
yo ye. Timoun sa yo, se pa m' yo ye. Bann bèt sa yo se
pou mwen yo ye. tout sa ou wè la a, se pou mwen yo ye.
Bon, kisa m' ka fè koulye a pou pitit fi mwen yo ak pou
pitit pitit mwen yo? **44** Vini non. Annou pase yon kontra,
mwen menm avè ou. Ann kite yon mak ki va sèvi pou fè
nou toujou chonje kontra a. **45** Jakòb pran yon gwo wòch,
li plante l' nan tè a, li fè l' rete kanpe tankou yon bòn. **46**
Epi, li di moun li yo: -Ranmase wòch. Mesye yo ranmase
wòch, yo anpile yo fè yon gwo pil. Apre sa, yo chita bò
pil wòch la, yo manje. **47** Laban rele pil wòch la Jega
Saadouta nan lang pa l', men Jakòb te rele l' nan lang pa
l' Galèd. **48** Laban di: -Pil wòch sa a va sèvi pou fè nou
tout de toujou chonje kontra a. Se poutèt sa yo rele kote
sa a Galèd. **49** Laban di ankò: -Se pou Bondye voye je
sou nou tout de lè nou fin separe. Se konsa yo rele kote
sa a Mispa. **50** Laban pale ankò, li di: -Si ou maltrete pitit
fi mwen yo, si ou pran lòt fanm ankò sou yo, konnen ou
p'ap annafè ak yon moun tankou nou tande. Atansyon,
men se ak Bondye menm, ki temwen sa nou sot fè a, w'ap
annafè. **51** Laban di Jakòb ankò: -Men pil wòch mwen
mete pou separe nou an. Men bòn ou plante a la. **52** Ni pil
wòch yo ni bòn lan ap sèvi yon mak. Mwen pa gen dwa
depase l' pou m' vin atake ou, ni ou pa gen dwa depase l'
pou ou vin atake m'. **53** Se pou Bondye Abraram lan,
Bondye Nakò a, Bondye papa yo a, mete rezon nan mitan
nou. Lè sa a, Jakòb sèmante nan non Bondye Izarak,
papa l' respekte a. **54** Apre sa, li touye yon bèt, li ofri l' bay
Bondye sou mòn lan, epi li envite moun pa l' yo vin manje.
Lè yo fin manje, yo pase nwit la sou mòn lan. **55** Nan
denmen maten byen bonè, Laban leve, li bo pitit pitit li yo
ak pitit fi li yo. Li beni yo. Apre sa, li pati, li tounen lakay li.

32 Jakòb menm ale chemen chemen l'. Li kontre kèk
zanj Bondye sou wout li. **2** Lè li wè yo, li di: -Sa
se lame Bondye a. Se konsa li rele kote a Manayim. **3**
Jakòb voye kèk komisyonè devan al jwenn Ezaou, frè li a,
nan peyi Seyi, kote Edon te rete a. **4** Men sa li ba yo
lòd pou yo di: -Men sa n'a di Ezaou, mèt mwen: Jakòb,
nèg pa ou la, voye di ou konsa, li te pase tout tan sa a
lakay Laban. Se poutèt sa li te pran tout reta sa a pou l'
tounen. **5** Li gen bèf, bourik, mouton, kabrit, domestik ak
sèvant. Li voye di ou sa pou ou ka fè pa l'. **6** Lè mesaje
yo tounen vin jwenn Jakòb, yo di l': -Nou t ale kote Ezaou,
frè ou la. Koulye a li gen tan sou wout pou l' vin kontre ou.
Li gen katsan (400) moun ak li. **7** Jakòb te pè anpil. Li
te boulvèse. Li pran moun ki te avè l' yo, li fè yo fè de
pòsyon. Li fè menm bagay la ak mouton, bèf, chamo li te
genyen yo. **8** Li t'ap di nan kè l': -Si Ezaou vin atake yon
pòsyon, lòt pòsyon an va gen tan chape. **9** Jakòb lapriyè,
li di: -O Bondye Abraram granpapa m' lan, Bondye Izarak
papa m' lan! O Seyè, ou menm ki te di m' tounen nan
peyi m' kote m' te fèt la! W'a fè tout bagay mache byen
pou mwen. **10** Mwen menm k'ap sèvi ou la, mwen pa
wè poukisa ou fè m' tout favè sa yo, poukisa ou toujou
kenbe pawòl ou avè m'. Lè m' t'ap travèse larivyè Jouden,
se annik yon baton mwen te gen nan men m'. Koulye a
m'ap tounen, mwen tèlman genyen, mwen ka separe yo
fè de pòsyon. **11** Tanpri, delivre m' non anba men Ezaou,
frè mwen an! Mwen pè pou l' pa vin atake nou, pou l'
pa touye ata fanm yo ak timoun yo. **12** Chonje sa ou te
di m' lan: M'ap fè tout bagay mache byen pou ou. M'ap
si tèlman ba ou pitit pitit, moun p'ap ka konte yo. Y'ap
tankou grenn sab bò lanmè. **13** Jakòb rete pase nwit la
kote l' te ye a. Apre sa, nan sa l' te gen avè l' yo, li chwazi
ladan yo pou fè Ezaou, frè l' la, kado. **14** Li pran desan
(200) fenmèl kabrit ak vin bouk, desan fenmèl mouton ak
vin belye, **15** trant fenmèl chamo nouris ak tout ti chamo
yo dèyè yo, karant manman bèf, dis towo, vin fenmèl
bourik ak dis mal bourik. **16** Li pran bèt yo, li mete chak
kalite apa, li renmèt chak kalite bay yonn nan domestik li
yo. Li di yo konsa: -Pran devan mwen. Chak moun ap kite
yon distans nan mitan bèt pa l' yo ak bèt ki devan l' yo. **17**
Epi li pase premye a lòd sa a: -Lè Ezaou, frè m' lan, va
kontre ou, l'ap mande ou: Kilès ki mèt ou? Kote ou prale?
Pou ki moun bèt sa yo w'ap pouse devan ou konsa a? **18**
W'a reponn li: Se pou Jakòb, nèg pa ou la. Se yon kado li
voye bay Ezaou, mèt mwen an. Li menm, li dèyè, l'ap vini.
19 Li pase dezyèm lan, twazyèm lan ak tout lòt moun ki
t'ap mache dèyè bèt yo menm lòd la. -Men sa nou gen

pou n' di Ezaou, lè nou kontre l'. **20** Se pou nou di: Wi,
Jakòb, nèg pa ou la, ap vin dèyè nou pye pou pye. Jakòb
t'ap di nan kè l'. Avèk tout kado m'ap voye devan m' lan,
m'ap fè kè l' kontan. Konsa, lè n'a kontre, ou pa janm
konnen, li ka fè pa m'. **21** Moun yo pran devan ak kado
yo. Men Jakòb rete dèyè, li pase nwit la kote l' te ye a. **22**
Menm jou lannwit sa a, Jakòb leve, li pran de madanm li
yo, de sèvant li yo ak onz pitit gason li yo, li janbe lòt bò
larivyè Jabòk, nan pas la. **23** Apre li fin fè yo janbe larivyè
a, li fè janbe tout sa li te genyen tou. **24** Men li menm, li te
rete pou kont li dèyè. Lè sa a, gen yon moun ki mare
batay ak li, yo goumen jouk devanjou. **25** Lè nonm lan wè
li pa t' ka bat li, li bay Jakòb yon kou nan ren l'. Se konsa
zo ren l' dejwente pandan yo t'ap goumen an. **26** Nonm
lan di l': -Kite m' ale, paske bajou pral kase. Jakòb reponn
li: -Si ou pa beni mwen, mwen p'ap kite ou ale. **27** Nonm
lan di: -Ki jan ou rele? Li reponn: -Jakòb. **28** Nonm lan di
l': -Yo p'ap rele ou Jakòb ankò. Y'ap rele ou Izrayèl, paske
ou goumen ak Bondye, ou goumen ak moun, se ou menm
ki genyen batay la. **29** Jakòb mande l': -Tanpri, di m' ki jan
ou rele? Li reponn: -Poukisa w'ap mande m' ki jan mwen
rele? Apre sa li beni Jakòb. **30** Jakòb di konsa: -Mwen wè
Bondye, mwen pa mouri. Se konsa, li rele kote l' te ye a
Penyèl. **31** Solèy te gen tan ap leve lè Jakòb kite Penyèl,
li t'ap bwete poutèt ren li. **32** Se poutèt sa, jouk jòdi a, pitit
pitit Izrayèl yo pa manje venn ki kenbe zo ren an, paske
se sou venn sa a Bondye te frape Jakòb.

33 Jakòb leve je l' gade, li wè Ezaou ki t'ap mache vin
jwenn li avèk katsan moun dèyè li. Li pran timoun
yo, li separe yo, li bay Leya pa l' yo, li bay Rachèl pa l'
yo, li bay de sèvant yo pa yo. **2** Li mete de sèvant yo
devan nèt ak pitit yo, Leya ak pitit li yo nan mitan, Rachèl
ak Jozèf dèyè nèt. **3** Li menm, li pran mache devan yo
tout. Li bese tèt li jouk atè pandan sèt fwa, jouk li rive
toupre Ezaou, frè li a. **4** Ezaou menm kouri al kontre l', li
pase bra l' nan kou l', li bat do l', li bo li. Epi yo tout de
yo pran kriye. **5** Lè Ezaou voye je l' gade, li wè medam
yo ak timoun yo. Li di: -Ki moun sa yo ki avè ou la a?
Jakòb reponn li: -tout se pitit Seyè a bay nèg pa ou la.
6 Lè sa a, sèvant yo pwoche ak timoun yo, yo bese tèt
yo jouk atè devan Ezaou. **7** Apre sa, Leya pwoche ak
timoun pa l' yo, yo bese tèt yo tout devan li. Andènye nèt,
Jozèf ak Rachèl pwoche, yo bese tèt yo tout devan li. **8**
Ezaou mande l': -Moun mwen kontre pi devan an, poukisa
ou te voye yo? Jakòb reponn li: -Se pou m' te ka fè kè
ou kontan. **9** Ezaou di l': -Frè mwen, mwen gen tout sa
m' bezwen. Ou mèt kenbe tou sa ou genyen pou ou. **10**
Jakòb reponn li: -Non. Si ou kontan wè m' tout bon, tanpri,
asepte kado m'ap ba ou yo. Paske, lè mwen kontre ou,
se tankou si m' te wè figi Bondye. Gade jan ou resevwa
m' byen. **11** Tanpri, asepte kado m'ap ba ou yo, paske
Bondye te beni m' anpil. Mwen pa manke anyen. Jakòb
fòse Ezaou sitèlman, bout pou bout, Ezaou asepte. **12** Li
di: -Bon. Ann pati. Ann ale. M'ap pran devan ou. **13** Men
Jakòb reponn li: -Mèt mwen, ou konnen jan timoun yo fèb.
Epi, fòk mwen pa bliye fenmèl mouton ak manman bèf yo
ki nouris. Si m' fè yo mache twòp yon sèl jou, se kont pou
yo tout mouri. **14** Tanpri, mèt mwen, ou mèt pran devan
nèg pa ou la, mwen menm m'ap vin dèyè ti pa ti pa, jan
bèt yo ak timoun yo ka mache, jouk m'a rive lakay ou nan
peyi Seyi. **15** Ezaou di l': -Bon. m'a kite kèk moun nan
moun pa m' yo avè ou? Jakòb reponn: -Se pa nesesè.
Yon sèl bagay mwen mande, se pou mèt mwen bliye tout
bagay. **16** Menm jou a, Ezaou pati tounen nan peyi Seyi.
17 Jakòb menm pati pou Soukòt. Lè li rive la, li bati yon
kay pou li ak yon pak pou bèt li yo. Se sak fè yo rele kote
sa a Soukòt. **18** Lè Jakòb tounen soti Mezopotami, li rive
anbyen lavil Sichèm, nan peyi Kanaran. Li moute tant li
sou moso tè ki anfas lavil la. **19** Li achte moso tè kote li te
moute tant li a pou san (100) pyès lajan nan men pitit
Amò yo. Se Amò sa a ki te papa Sichèm. **20** Jakòb bati
yon lotèl la tou. Li rele l': Bondye se Bondye Izrayèl la.

34 Dena, pitit fi Leya te fè pou Jakòb la, te soti al rann
medam peyi a vizit. **2** Lè sa a, Sichèm, pitit Amò,
moun Evi a, te chèf nan kanton an. Lè li wè Dena, li mete
men sou li, li fè kadejak sou li. **3** Men Sichèm te tonbe
damou pou Dena, pitit fi Jakòb la. Li te pale dous ak tifi a,
paske li te renmen l'. **4** Sichèm di Amò, papa l': -Al mande
pou fi sa a pou mwen. **5** Jakòb vin konnen Sichèm te fè
kadejak sou Dena, pitit fi li a. Men, paske pitit gason l' yo
te nan savann ak bèt yo, li pa di anyen jouk lè yo tounen.
6 Amò, papa Sichèm, ale bò kot Jakòb pou fè yon pale
sou sa avè l'. **7** Lè sa a, pitit gason Jakòb yo t'ap tounen
soti nan savann. Lè yo pran nouvèl la, yo te move, yo
te fache anpil, paske Sichèm te fè yon bagay grav: li te
avili moun Izrayèl yo lè l' te fè kadejak sou pitit fi Jakòb
la. Bagay konsa pa t' dwe fèt. **8** Amò di yo konsa: -Pitit
gason m' lan, Sichèm, fin fou pou fi nou an. Tanpri, kite
li marye avè l'. **9** Ann pase kontra yonn ak lòt pou nou
zanmi. n'a ban nou nan pitit fi nou yo pou madanm pitit
gason nou yo. n'a pran nan pitit fi nou yo pou madanm
pitit gason nou yo. **10** Konsa n'a rete ansanm ak nou
nan peyi a. n'a rete kote nou vle, n'a fè kòmès jan nou
vle, n'a achte tè nou vle. **11** Apre sa, Sichèm di papa
ak frè Dena yo: -Fè m' favè sa a, tanpri. m'a ban nou
tout sa nou vle. **12** Di m' kisa pou m' fè nou kado. Nou
mèt mande m' nenpòt ki gwo pri pou maryaj la. M'ap ban
nou tout sa n'a mande m'. Men, se pou nou dakò. Kite m'
marye ak fi a. **13** Men pitit gason Jakòb yo bay Sichèm ak
Amò, papa li, yon repons pou woule yo. Paske Sichèm te
avili sè yo a, yo t'ap pare yon move kou pou yo. **14** Yo di
yo: -Nou pa ka kite sè nou an marye ak yon nonm ki pa
sikonsi. Se va yon avilisman pou nou. **15** N'ap dakò nan
yon sèl kondisyon. Se pou nou vin menm jan ak nou, se
pou tout gason nan kanton an sikonsi tankou nou. **16** Lè
sa a atò, n'a kite sè nou an marye avè ou. Nou menm
tout n'a ka marye ak pitit fi ou yo. n'a rete nan peyi a
ansanm ansanm, n'a tounen yon sèl pèp. **17** Men, si nou
pa dakò ak kondisyon sa a, si nou pa vle pou yo sikonsi
nou, n'ap pran sè nou an, epi nou pral fè wout nou. **18**

Amò ak Sichèm, pitit gason l' lan, tonbe dakò ak yo pou
kondisyon an. 19 Se konsa jenn gason an te prese fè sa
yo te mande l' fè a, paske li te renmen pitit fi Jakòb la
anpil. tout moun kay papa l' te konsidere l' anpil. 20 Amò
ak Sichèm, pitit gason l' lan, al nan pòtay lavil la, kote tout
moun yo te konn reyini, yo pale ak moun peyi a. Yo di yo:
21 -Mesye sa yo, se pa moun ki vin pou kont. Ann kite
yo rete nan peyi a. Ann kite yo fè trafik yo. Peyi a gen
kont plas pou yo. Ann marye ak pitit fi yo, ann kite yo
marye ak pitit fi nou yo. 22 Mesye sa yo dakò pou yo rete
ansanm ak nou, pou nou fè yon sèl pèp. Men yo pase
yon kondisyon: se pou tout gason nan mitan nou sikonsi,
menm jan yo menm yo sikonsi a. 23 Konsa, tout bèt yo,
tout byen yo, tout zannimo yo ap vin pou nou yon lè. Se
asepte pou n' asepte kondisyon an pou yo ka rete viv
ansanm ak nou. 24 tout moun ki te reyini bò pòtay lavil la
te tonbe dakò ak sa Amò ak Sichèm, pitit li a, te di yo.
Se konsa yo sikonsi tout gason ki te la bò pòtay lavil la.
25 Twa jou apre, mesye yo t'ap soufri ak sikonsizyon an
toujou lè de nan pitit gason Jakòb yo, Simeyon ak Levi,
frè menm manman ak Dena yo, pran nepe yo, yo antre
nan lavil la san pesonn pa sispèk anyen, yo touye tout
gason yo. 26 Yo touye Amò ak Sichèm, pitit gason l' lan,
yo pran Dena, yo fè l' kite kay Sichèm lan, y al fè wout yo
avè l'. 27 Lòt pitit Jakòb yo menm jete kò yo sou kadav
yo, yo piye lavil la byen piye, paske moun lavil la te avili
sè yo a. 28 Apre sa, yo pran tout bèt, tout bèf, tout bourik
ak tout sa ki te nan lavil la ak nan jaden yo. 29 Yo pran
tout richès ak tout sa ki te nan kay mesye yo pote ale, yo
fè tout pitit yo ak tout medam yo prizonye. 30 Apre sa,
Jakòb rele Simeyon ak Levi, li di yo: -Gade nan ki traka
nou mete m'. Koulye a, moun ki rete nan peyi a, moun
Kanaran yo ak moun Perezi yo, pral rayi m'. Mwen pa gen
anpil moun. Si yo mete ansanm sou do mwen pou atake
m', y'ap touye m' ansanm ak tout moun lakay mwen. 31
Men Simeyon ak Levi reponn: -Atò, se pou nou te kite yo
trete sè nou an tankou nenpòt jennès!

35 Bondye di Jakòb: -Leve non, moute al Betèl, epi rete
la. Bati yon lotèl la pou Bondye ki te parèt devan ou
lan, lè ou t'ap kouri pou Ezaou, frè ou la. 2 Se konsa
Jakòb rele fanmi l' yo ansanm ak tout lòt moun ki avè l'
yo. li di yo: -Pran tout lòt bondye etranje n'ap sèvi yo,
voye yo jete. Mete nou nan kondisyon pou sèvi Bondye.
Mete rad nèt sou nou. 3 Nou pral kite kote nou ye a, nou
pral Betèl, kote mwen pral bati yon lotèl pou Bondye ki te
reponn lapriyè m' lè m' te anba tray la, pou Bondye ki te
la avèk mwen kote m' pase nan vwayaj mwen te fè a.
4 Se konsa yo renmèt Jakòb tout bondye etranje yo te
gen nan men yo ansanm ak tout zanno yo te gen nan
zòrèy yo. Jakòb antere tout sa anba pye bwadchenn ki te
toupre lavil Sichèm lan. 5 Apre sa, yo pati. tout moun ki
te rete nan zòn lan te vin pè Bondye anpil. Yo yonn pa
leve al rapouswiv pitit Jakòb yo. 6 Jakòb rive ansanm ak
tout moun ki te avè l' yo lavil Louz, nan peyi Kanaran. Se
lavil sa a yo rele Betèl tou. 7 Li bati yon lotèl la, li rele
kote a Betèl, paske se la Bondye te parèt devan li lè li
t'ap kouri pou frè l' la. 8 Lè sa a, Debora, bòn Rebeka a,
mouri. Yo antere l' pi ba Betèl, anba pye bwadchenn lan.
Se konsa yo rele pye bwadchenn lan: chenn dlo nan je
a. 9 Lè Jakòb te tounen soti Mezopotami, Bondye parèt
ankò devan li, li beni li. 10 Bondye di l' konsa: -Yo rele
ou Jakòb pa sa? Men, yo p'ap rele ou Jakòb ankò, y'a
rele ou Izrayèl. Depi lè sa a, se Izrayèl yo rele l' vre. 11
Bondye di l' ankò: -Se mwen menm Bondye ki gen tout
pouvwa a. W'ap gen anpil pitit ak pitit pitit. Gen ladan yo
k'ap wa. W'ap si tèlman gen anpil pitit pitit, y'a tounen yon
kantite nasyon. 12 Peyi mwen te bay Abraram ak Izarak
la, m'ap ba ou li tou. Apre sa, m'ap bay pitit pitit ou yo
li. 13 Apre sa, Bondye kite l' kote li t'ap pale ak li a, li
moute nan syèl. 14 Jakòb pran yon gwo wòch, li plante l'
pou l' make kote Bondye te pale avèk li a. Li pran diven,
li wouze wòch la, apre sa li vide lwil sou li. 15 Li rele
kote Bondye te pale avè l' la Betèl. 16 Apre sa, yo pati
yo kite Betèl. Yo pa t' twò lwen rive lavil Efrata lè lè a te
rive pou Rachèl akouche. Li t'ap soufri anpil. 17 Lè doulè
a te pi rèd, fanmchay la di l': -Ou pa bezwen pè. Ou fè
yon pitit gason ankò. 18 Rachèl tapral mouri, li t'ap rann
dènye souf li lè li rele pitit la Bennoni. Men papa a rele l'
Benjamen. 19 Rachèl mouri, yo antere l' sou wout lavil
Efrata. Se lavil sa a yo rele Betleyèm lan tou. 20 Jakòb
make tonm lan ak yon gwo wòch: yo rele l' Moniman tonm
Rachèl la. Wòch la la jouk jòdi a. 21 Apre sa, Izrayèl pati,
li al moute tant li lòt bò Migdaledè. 22 Antan Jakòb t'ap
viv nan peyi sa a, Woubenn al kouche ak Bila, yonn nan
fanm papa l' yo. Izrayèl vin konn sa, li te fache anpil.
Jakòb te gen douz pitit gason. 23 Men non pitit Leya te fè
pou li yo: Woubenn, premye pitit gason l' lan, Simeyon,
Levi, Jida, Isaka ak Zabilon. 24 Men non pitit Rachèl te
fè pou li yo: Jozèf ak Benjamen. 25 Men non pitit Bila,
sèvant Rachèl la, te fè pou li yo: Dann ak Nèftali. 26 Men
non pitit Zilpa, sèvant Leya a, te fè pou li yo: Gad ak Asè.
Se tout pitit gason sa yo Jakòb te genyen antan li te nan
peyi Mezopotami. 27 Jakòb al wè papa l' Izarak, nan
Manmre (yo rele kote sa a Kija aba tou, ou ankò Ebwon).
Se la Abraram ak Izarak te pase tout lavi yo. 28 Izarak te
gen sankatreven lanne sou tèt li 29 lè li mouri. Li te fin
granmoun, li te wè kont jou li lè l' al jwenn moun li yo ki te
mouri deja. Ezaou ak Jakòb, pitit gason l' yo, antere li.

36 Men pitit pitit Ezaou yo. Se Ezaou sa a yo te rele
Edon. 2 Ezaou te chwazi fi nan moun peyi Kanaran
yo pou madanm. Yonn te rele Ada. Se te pitit fi Elon, yon
moun Et. Yon lòt te rele Olibama, pitit fi Ana, ki li menm
te pitit fi Zibeyon, yon moun Evi. 3 Li te marye tout ak
Basmat, pitit fi Izmayèl la, sè Nebajòt. 4 Se Ada ki te fè
Elifaz pou Ezaou. Basmat te fè Reouyèl, 5 Olibama menm
te fè Jeouch, Jalam epi Kore. Se tout pitit sa yo Ezaou te
fè antan li te nan peyi Kanaran. 6 Yon jou, Ezaou pran
madanm li yo, pitit gason l' yo, pitit fi li yo, tout moun ki
te lakay li, tout mouton l' yo, tout kabrit li yo ansanm ak

tou sa li te genyen nan peyi Kanaran, li pati pou yon lòt
peyi byen lwen Jakòb, frè li. 7 Li te fè sa paske tè kote
li t'ap viv ansanm ak Jakòb, frè l' la, te vin twò piti pou
yo. Yo te vin gen twòp bèt, yo pa t' kapab rete ansanm
ankò menm kote a. 8 Se konsa Ezaou, yo rele Edon
tou, al rete nan mòn Seyi. 9 Men pitit pitit Ezaou, papa
moun Edon yo ki rete nan mòn Seyi a. 10 Men non pitit
gason Ezaou yo: Se te Elifaz, pitit Ada, madanm Ezaou,
ak Reouyèl, pitit Basmat, madanm Ezaou tou. 11 Men non
pitit gason Elifaz yo: Se te Teman, Oma, Zefo, Gayetan ak
Kenaz. 12 Elifaz, pitit Ezaou a, te gen yon fanm kay yo te
rele Timna. Se li ki manman Amalèk. Sa yo se tout pitit
pitit gason Ada, madanm Ezaou. 13 Men non pitit gason
Reouyèl yo: Se te Naat, Zerak, Chanma ak Miza. Sa yo
se pitit pitit gason Basmat, madanm Ezaou. 14 Men non
pitit gason Olibama, madanm Ezaou, te fè pou li: Jeouch,
Jalam ak Kore. Olibama te pitit fi Ana, pitit fi Zibeyon.
15 Men chèf branch fanmi pitit pitit Ezaou yo. Men non
tout pitit gason Elifaz, premye pitit gason Ezaou a: Se te
Teman, Oma, Zefo, Kenaz, 16 Kore, Gayetan ak Amalèk.
Yo tout te chèf. Se pitit Elifaz sa yo ki te chèf nan peyi
Edon an: Yo tout se pitit pitit Ada yo ye. 17 Men non pitit
gason Reouyèl, pitit gason Ezaou a: Se te Naat, Zerak,
Chanma ak Miza. Yo tout te chèf tou. Se pitit Reouyèl
sa yo ki te chèf nan peyi Edon an. Yo tout se pitit pitit
Basmat, madanm Ezaou, yo ye. 18 Men non tout pitit
gason Olibama, madan Ezaou: Se te Jeouch, Jalam ak
Kore. Yo tout te chèf. Se chèf sa yo ki te pitit Olibama,
madan Ezaou. Olibama te pitit fi Ana. 19 Se te non tout
pitit pitit Ezaou yo sa. Yo te rele Ezaou Edon tou. Se yo
ki te chèf branch fanmi yo. 20 Men non tout pitit gason
Seyi, moun peyi Ori. Se yo menm ki rete nan peyi a depi
lontan. Se Lotan, Chobal, Zibeyon, Ana, 21 Dichon, Ezè
ak Dichan. Se chèf moun peyi Ori yo sa. Yo se pitit gason
Seyi nan peyi Edon. 22 Men non pitit Lotan yo: Se te Ori
ak Eman. Timna te sè Lotan. 23 Men non pitit Chobal yo:
Se te Alvan, Manaat, Ebal, Chefo ak Anam. 24 Men non
pitit Zibeyon yo: Se te Aja ak Ana. Se Ana sa a ki te jwenn
sous dlo cho yo nan dezè a, lè l' t'ap gade bourik Zibeyon,
papa l' yo. 25 Men non pitit Ana yo: Se te Dichon, yon
gason ak Olibama, yon fi. 26 Men non pitit gason Dichon
yo: Se te Emdan, Echban, Jitran ak Keran. 27 Men non
pitit gason Ezè yo: Se te Bilan, Zavan ak Akan. 28 Men
non pitit gason Dichan yo: Ouz ak Aran. 29 Men non chèf
moun peyi Ori yo: Se te Lotan, Chobal, Zibeyon, Ana, 30
Dichon, Ezè, Dichan. Se te tout chèf moun Ori yo sa. Se
yo ki te chèf branch fanmi moun Ori yo nan peyi Seyi.
31 Men wa ki te gouvènen peyi Edon an, anvan te gen
ankenn wa pou gouvènen pèp Izrayèl la. 32 Bela, gason
Beyò a, t'ap gouvènen peyi Edon. Yo te rele lavil kote li
te rete a Denaba. 33 Lè Bela mouri, se Jobab, gason
Zerak la, moun lavil Bozra, ki te gouvènen nan plas li.
34 Lè Jobab mouri, se Oucham, moun peyi Teman, ki te
gouvènen nan plas li. 35 Lè Oucham mouri, se Adad, pitit
gason Bedad la, ki te gouvènen nan plas li. Se Adad sa a
ki te bat moun peyi Madyan yo nan plenn Moab la. Yo
te rele lavil kote li te rete a Avit. 36 Lè Adad mouri, se
Samla, moun Masreka, ki te gouvènen nan plas li. 37 Lè
Samla mouri, se Sayil, moun lavil Reyobòt bò gwo larivyè
Lefrat la, ki te gouvènen nan plas li. 38 Lè Sayil mouri, se
Baalanan, pitit gason Akbò a, ki te gouvènen nan plas li.
39 Lè Baalanan, pitit gason Akbò a, mouri, se Ada ki te
gouvènen nan plas li. Yo te rele lavil kote li te rete a Paou.
Madanm li te rele Metabèl. Se te pitit fi Matrèd ki poutèt
pa l' tè pitit fi Mezarab. 40 Men lis non tout pitit Ezaou yo
ki te chèf ansanm ak non branch fanmi yo ak non kote yo
te rete: Timna, Alva, Jetèt, 41 Olibama, Ela, Penon, 42
Kenaz, Teman, Mibza, 43 Magdiyèl, Iram. Se non chèf
Edon yo sa ansanm ak non kote yo te rete nan peyi a. Se
Ezaou ki papa yo tout nan peyi Edon.

37 Men Jakòb rete rete l' nan peyi Kanaran kote papa
l' te pase tout lavi l'. 2 Men istwa fanmi Jakòb la.
Jozèf te yon jenn gason disètan. Li t'ap gade mouton ak
kabrit ansanm ak frè l' yo, pitit gason Bila ak Zilpa, fanm
kay papa l' yo. Li te konn rapòte bay papa l' tout vye
bagay yo t'ap fè. 3 Izrayèl menm te renmen Jozèf plis
pase tout lòt pitit li yo, paske li te fin granmoun lè Jozèf te
fèt. Li fè yon bèl varèz long ak manch pou li. 4 Lè frè l' yo
wè jan papa yo te renmen Jozèf plis pase yo, yo pran rayi
l'. Yo pa t' louvri bouch avè l' san yo pa joure l'. 5 Yon jou,
Jozèf fè yon rèv. Li rakonte l' bay frè li yo. Sa te fè yo rayi
l' pi plis toujou. 6 Li di yo: -Mesye, tande yon rèv mwen
fè. 7 Mwen wè nou tout nou te nan jaden, chak moun t'ap
mare yon pakèt zèb. Pakèt mwen an rete konsa li kanpe
tout dwat pou kont li, epi tout pakèt pa nou yo fè wonn li,
yo vin bese tèt devan pa m' lan tankou moun y'ap salwe.
8 Frè l' yo di l': -Anhan! Ou vle di ou pral chèf nou, ou pral
kòmande nou! Yo te vin rayi l' pi plis toujou poutèt rèv
li te di yo li fè a. 9 Apre sa, Jozèf fè yon lòt rèv ankò.
Li rakonte l' bay frè li yo. Li di yo: -Mwen fè yon lòt rèv.
Mwen wè solèy la, lalen lan ansanm ak onz zetwal ki t'ap
bese tèt devan mwen. 10 Li rakonte rèv la bay papa l'
ansanm ak frè l' yo. Men papa a t'ap rale zòrèy li, li t'ap di
l': -Ki kalite rèv w'ap fè konsa a? Koulye a, se pou mwen
menm, manman ou ansanm ak onz frè ou yo, pou nou
vin bese tèt devan ou? 11 Frè Jozèf yo t'ap fè jalouzi,
men papa l' t'ap kalkile tout bagay sa yo nan tèt li. 12 Frè
Jozèf yo leve, y ale jouk Sichèm ak bann bèt papa yo pou
fè yo manje. 13 Izrayèl rele Jozèf, li di l' konsa: -Frè ou
yo mennen bèt yo jouk Sichèm al manje. Vini non, m'ap
voye ou bò kote yo pou mwen. Jozèf reponn: -Men mwen
wi, papa. 14 Izrayèl di l' konsa: -Tanpri, ale we kouman
frè ou yo ak bèt yo ye laba a. Apre sa, tounen vin pote
nouvèl yo ban mwen. Konsa, se papa l' menm ki te fè l'
pati kite Fon Ebwon an. Lè Jozèf rive Sichèm, 15 li pèdi
wout li nan savann lan, li kontre ak yon nonm ki mande
l': -Kisa w'ap chache konsa? 16 Jozèf reponn li: -M'ap
chache frè m' yo. Tanpri, di m' ki kote yo mennen bèt yo al
manje. 17 Nonm lan di l': -Yo te isit la wi, men yo pati
deja. Mwen tande yo t'ap di yo pral Dotan. Jozèf pati dèyè

frè l' yo, li jwenn yo Dotan. **18** Men, anvan Jozèf te rive,
yo te gen tan wè l' byen lwen ap vini. Yo fè konplo pou yo
touye l'. **19** Yonn di lòt: -Men nonm ki renmen fè rèv la
ap vini. **20** Annou wè. N'ap touye l', n'ap jete kadav la
nan yonn nan pi yo. Epi n'a di se bèt nan bwa ki touye l'.
Konsa n'a wè si sa l' te wè nan rèv li yo va rive vre. **21**
Woubenn t'ap koute yo, li t'ap chache yon jan pou sove
Jozèf anba men yo. Li di yo: -Piga nou touye l'. **22** Pa fè
san koule. Ann voye l' jete nan pi sa a ki nan dezè a.
Men, pa leve men sou li. Li t'ap di yo sa paske li te fè lide
sove l' anba men yo pou l' te voye l' tounen bay papa l'.
23 Lè Jozèf rive bò kote frè l' yo, yo wete bèl varèz long
ak manch ki te sou li a. **24** Yo pran l', yo jete l' nan pi a.
Pi a te vid, li pa t' gen dlo. **25** Apre sa, yo chita pou yo
manje. Pandan yo leve je yo, konsa yo wè yon kolonn
moun Izmayèl ki t'ap vwayaje. Yo te soti Galarad. Chamo
yo te chaje ak gonm bwa, lansan ak lami yo t'ap pote al
vann nan peyi Lejip. **26** Jida di frè l' yo konsa: -Sa sa ap
rapòte nou pou nou touye frè nou an epi apre sa pou nou
kache sa? **27** Annou vann li ak moun Izmayèl yo. Konsa
nou p'ap bezwen leve men nou sou li. Apre tou, se frè
nou li ye, se menm san ak nou. Frè l' yo tonbe dakò. **28**
Lè machann Madyan yo vin ap pase, yo rale Jozèf moute
sot nan pi a. Yo vann li ak moun Izmayèl yo pou vin pyès
lajan. Moun Izmayèl yo menm mennen l' nan peyi Lejip.
29 Lè Woubenn tounen nan pi a, li pa jwenn Jozèf ladan l'.
Sa te fè l' lapenn anpil. Li chire rad ki te sou li a. **30** Li
tounen al jwenn frè li yo, li di yo: -Ti gason an pa nan pi
a non! Kisa m' pral fè koulye a? **31** Yo touye yon bouk
kabrit, yo pran bèl varèz Jozèf la, yo tranpe l' nan san an.
32 Yo voye varèz la bay papa yo ak komisyon sa a: -Men
sa nou jwenn. Gade wè si se pa varèz pitit gason ou lan.
33 Jakòb rekonèt rad la, li di: -Men wi, se varèz pitit gason
m' lan. Se yon bèt nan bwa ki devore l'. Bèt la dechèpiye l'
nèt. **34** Sa ou tande a, yon sèl lapenn pran Jakòb, li chire
rad ki te sou li, li mare yon tanga sak nan ren li. Li pase
kèk tan ap kriye pou pitit gason l' lan. **35** tout lòt gason
l' yo ansanm ak pitit fi l' yo te vin ba l' kouraj, men li te
refize tande sa yo t'ap di l'. Li t'ap plede repete: -M'ap
kriye pou pitit gason m' lan jouk m al jwenn li lè m'a mouri.
Se konsa li t'ap kriye pou pitit gason l' lan. **(Sheol h7585)**
36 Pandan tout tan sa a, moun Madyan yo te gen tan
vann Jozèf nan peyi Lejip ak Potifa, yonn nan chèf lame
farawon an. Se li menm ki te kòmandan gad palè yo.

38 Lè sa a, Jida kite frè l' yo, li al jwenn Ira, yon nonm
lavil Adoulam. **2** Antan li la, li wè yon fi. Papa fi a te
yon moun peyi Kanaran yo te rele Chwa. Jida marye ak fi
a, li kouche avè l'. **3** Madanm lan vin ansent, li fè yon
pitit gason. Jida rele pitit la Er. **4** Madanm lan vin ansent
ankò, li fè yon lòt pitit gason, yo rele l' Onan. **5** Li fè yon
lòt pitit gason ankò, yo rele l' Chela. Jida te lavil Kezib lè
madanm li fè Chela. **6** Jida chwazi yon fi yo rele Tama
pou Er, premye pitit gason l' lan. **7** Men Er, premye pitit
Jida a, pa t' fè Seyè a plezi paske li te twò mechan. Se
konsa Seyè a te fè l' mouri. **8** Lè sa a, Jida di Onan: -Ale
jwenn madanm frè ou la, kouche avè l'. Se devwa ou,
paske ou se frè mari l' ki mouri. Konsa, w'a fè yon pitit
pou frè ou pou non li pa pèdi. **9** Men Onan te konnen
pitit la pa t'ap pou li. Se konsa, chak fwa li kouche ak
madanm frè li a, li voye atè pou li pa t' fè pitit pou frè li a.
10 Sa l' t'ap fè a pa t' fè Seyè a plezi. Se konsa Seyè a
fè l' mouri tou. **11** Lè sa a, Jida di Tama, bèlfi li a: -Ou
mèt tounen kay papa ou, rete vèv san marye jouk tan
Chela, lòt gason m' lan, vin gran. Li te di l' sa paske li te
pè pou Chela pa t' mouri tankou frè l' yo. Tama menm
tounen rete kay papa l'. **12** Kèk tan apre sa, madanm
Jida, pitit fi Chwa a, mouri. Apre Jida te fin fè sa pou l' te
fè pou lanmò a, li moute al Timna ansanm ak zanmi l' lan,
Ira, moun Adoulam lan. Li tapral wè moun ki t'ap taye
lenn mouton l' yo pou li. **13** Yo fè Tama konn sa, yo di l': -
Gade. Men bòpè ou ap moute al Timna, pou l' fè taye
lenn mouton li yo. **14** Se konsa, Tama wete rad vèv ki te
sou li a, li kouvri tèt li ak yon vwal, li al chita bò pòtay lavil
Enayim, sou chemen ki mennen Timna a. Li te wè Chela
te fin gran, men Jida pa t' pran l' bay Chela pou madanm.
15 Lè Jida wè l', li konprann se te yon jennès, paske figi l'
te kouvri. **16** li al jwenn li bò chemen an, li di l': -vin non.
Kite m' kouche avè ou. Li pa t' konnen se bèlfi li li te ye.
Tama di li: -Kisa w'ap ban mwen pou m' kite ou kouche
avè m'. **17** Jida reponn li: -m'a voye yon jenn kabrit ba ou
nan bèt mwen yo. Tama di li: -Kisa w'a ban m' kenbe jouk
ou voye l' ban mwen. **18** Jida reponn li: -Kisa ou vle m' ba
ou kenbe? Tama di li: -Letanp ou a ak tout kòd li, ansanm
ak baton ki nan men ou lan. Jida ba li yo. Li kouche ak li.
Tama vin ansent pou li. **19** Apre sa Tama leve, li al fè
wout li. Li wete vwal la, epi li mete rad vèv li sou li ankò.
20 Jida voye zanmi l', moun lavil Adoulam lan, ak jenn
kabrit la pou l' te ka reprann sa l' te bay fanm lan kenbe a.
Men zanmi l' lan pa t' kapab jwenn fanm lan. **21** Li mande
mesye ki te la yo. Kote jennès ki te chita bò chemen an,
sou pòtay lavil Enayim lan? Yo reponn li: -Pa janm gen
ankenn jennès bò isit la. **22** Li tounen al jwenn Jida, li di
l': -Mwen pa jwenn li non. Mesye nan zòn lan di m' pa
janm gen ankenn jennès bò la. **23** Jida di l': -Pa fatige kò
ou chache reprann sak nan men l' lan. Moun va pase m'
nan betiz twòp. Mwen voye kabrit la ba li, ou pa jwenn li.
Kite sa! **24** Sou twa mwa konsa, yo vin di Jida: -Tama,
bèlfi ou la, lage kò l' nan jennès. Li gen tan ansent. Jida
di yo: -Pran l', mennen l' deyò lavil la. Mete dife anwo l'
jouk li mouri. **25** Yo t'ap mennen Tama deyò lavil la lè
li voye komisyon sa a bay bòpè li: -Se pou mèt bagay
sa yo mwen ansent. Gade wè si ou rekonèt ki moun ki
mèt letanp sa a ak tout kòd li ansanm ak baton sa a? **26**
Jida rekonèt yo, li di: -Li gen rezon. Se mwen menm ki
antò. Mwen te dwe fè l' marye ak Chela, pitit gason m'
lan. Jida pa t' kouche avè l' ankò. **27** Lè lè a rive pou
Tama akouche, yo wè li te gen marasa nan vant li. **28**
Pandan li te gen tranche, yonn nan timoun yo lonje men l'
deyò. Fanmchay la kenbe men an, li mare yon moso fil
wouj ladan l'. Li di: -Sa a fèt anvan. **29** Men pitit la rale

men an antre, epi se lòt frè a ki soti anvan. Fanmchay la
di: -Se konsa ou fè chemen pou ou pase! Se poutèt sa yo
rele l' Perèz. 30 Apre sa, frè li a soti ak fil wouj la mare
nan men l'. Yo rele l' Zerak.

39 Moun Izmayèl yo te mennen Jozèf nan peyi Lejip.
Rive la, Potifa, yon moun peyi Lejip ki te chèf nan
gouvènman farawon an ak kòmandan gad palè yo, achte
l' nan men yo. 2 Seyè a te kanpe la avèk Jozèf. Li te fè
tout bagay mache byen pou li. Jozèf te rete kay mèt li,
moun peyi Lejip la. 3 Mèt li tout te wè Seyè a te avèk
Jozèf. Seyè a te fè tout zafè l' mache byen. 4 Potifa te
kontan ak Jozèf ak jan li t'ap sèvi li. Li mete l' reskonsab
kay li, li renmèt li tout sa li te genyen. 5 Depi lè Potifa te
renmèt kay li ansanm ak tout sa li te genyen bay Jozèf,
Seyè a beni kay moun peyi Lejip la poutèt Jozèf. Seyè a
beni tout sa li te gen lakay li ak nan jaden l'. 6 Potifa te
lage tout zafè l' nan men Jozèf. Li pa t' okipe anyen ankò,
se annik vin chita manje. Jozèf te vin yon bèl gason byen
kanpe. 7 Se konsa madanm mèt li a vin tonbe pou li. Li di
l': -vin kouche avè m' non! 8 Men Jozèf derefize, li di l':
-Mèt mwen an pa okipe anyen k'ap pase nan kay li a,
paske mwen la. Li lage tout bagay nan men m'. 9 Mwen
gen menm otorite avè l' nan kay la, li pa defann mwen
manyen anyen, esepte ou menm, paske se madanm li ou
ye. Ki jan ou ta vle pou m' fè yon bagay konsa, pou m' fè
peche sa a kont Bondye? 10 Se chak jou li te nan kò
Jozèf. Men, Jozèf te toujou derefize kouche avè l'. 11 Yon
jou, Jozèf vin pou fè travay li nan kay la. Lè sa a pesonn
pa t' la: 12 Madanm lan kenbe rad Jozèf, li di l': -Jòdi a,
se pou ou kouche avè m'. Lè Jozèf wè sa, li chape kò l'
met deyò, li kite rad la nan men madanm lan. 13 Madanm
lan menm, lè li wè Jozèf te kite rad la nan men l' pou l'
kouri ale deyò, 14 li rele domestik li yo, li di yo: -Nou wè
sa! Mari mwen mennen yon ebre nan kay la, men koulye
a li soti pou avili m'. Li vini jwenn mwen jouk isit la, li vle
pou m' kouche avè l'. Mwen pete rele. 15 Lè li tande m'
rele a, msye kouri, li met deyò, li kite rad li la bò kote m'.
16 Madanm lan kite rad la bò kote l', li tann mèt Jozèf la
tounen lakay la. 17 Li rakonte l' menm bagay la, li di l': -
Esklav ebre ou mennen lakay la vin jwenn mwen jouk isit
la pou avili m'. 18 Men, mwen pete yon rèl, li kouri met
deyò, li kite rad li bò kote m'. 19 Lè Potifa tande madanm
li di l' sa domestik li a te fè l', li move sou Jozèf. 20 Li fè
arete l', mete l' nan prizon kote yo fèmen tout prizonye wa
a. Se konsa Jozèf twouve l' nan prizon. 21 Men Seyè a te
kanpe la avèk Jozèf. Li moutre l' jan l' te renmen l', li fè
chèf prizon an gen Jozèf konfyans. 22 Li mete l' veye tout
lòt prizonye yo. Se li menm ki te reskonsab tout bagay
nan prizon an. 23 Depi li te renmèt yon bagay nan men
Jozèf, li pa t' bezwen okipe anyen ankò paske Seyè a te
la avèk Jozèf. Seyè a te fè tout zafè l' mache byen.

40 Kèk tan apre sa, chèf kanbiz ak chèf boulanje wa
Lejip la te fè mèt yo yon bagay. 2 Farawon an te
move ni sou chèf kanbiz la ni sou chèf boulanje a. 3 Se
konsa li te mete yo lakay kòmandan gad palè a, kote yo
te fèmen Jozèf nan prizon an. 4 Kòmandan gad palè a
mete yo sou kont Jozèf pou l' sèvi yo. Yo pase kèk tan
nan prizon an. 5 Yon jou lannwit, antan yo nan prizon an,
chèf kanbiz ak chèf boulanje wa a te fè yo chak yon rèv.
Chak rèv te gen sans pa yo. 6 Lè Jozèf vin jwenn yo nan
denmen maten, li jwenn yo boulvèse. 7 Li mande yo: -
Poukisa nou kagou konsa jòdi a? 8 Yo reponn li: -Nou
chak fè yon rèv, men pa gen pesonn isit la ki ka esplike
nou rèv yo. Jozèf reponn yo: -Eske se pa Bondye sèl
ki ka esplike bagay konsa? Rakonte m' rèv nou yo. 9
Chèf kanbiz la rakonte Jozèf rèv li te fè a, li di l': -Nan
rèv mwen an, mwen wè yon pye rezen devan m'. 10 Li
te gen twa branch. Branch yo pran boujonnen, yo fè flè,
yo fè rezen, rezen yo mi. 11 Gwo gode farawon an te
nan men mwen. Mwen pran rezen yo, mwen pije yo nan
gode farawon an, lèfini mwen bay wa a li. 12 Jozèf di li: -
Men sa rèv la vle di: Twa branch yo se twa jou. 13 Nan
twa jou, farawon an pral chonje ou, li pral mete ou nan
pozisyon ou ankò. Ou pral bay farawon an diven jan ou
te konn fè l' anvan lè ou te chèf kanbiz li a. 14 Men, lè
tout bagay va mache byen pou ou, pa bliye m'. Tanpri,
rann mwen sèvis sa a, pale ak farawon an pou mwen. Fè
m' soti nan prizon sa a. 15 Ou wè: se vòlè yo te vòlè m'
nan peyi Ebre yo. Isit la menm, mwen pa t' fè anyen pou
yo te mete m' nan prizon. 16 Lè chèf boulanje a wè bèl
esplikasyon Jozèf te bay lòt la, li di l': -Mwen menm tout
mwen fè yon rèv. Mwen wè te gen twa panyen pen sou tèt
mwen. 17 Nan panyen ki te anwo nèt la, te gen tout kalite
bagay yo konn kwit nan fou pou wa a. Men, zwazo t'ap
manje yo nan panyen an sou tèt mwen. 18 Jozèf reponn
li: -Men sa rèv la vle di: Twa panyen yo se twa jou. 19
Nan twa jou farawon an pral fè rele ou, l'ap fè yo pann ou
nan yon pyebwa, kote zwazo ap vin dechèpiye ou. 20
Sou twa jou vre, farawon an t'ap fè yon gwo resepsyon
pou tout chèf ki t'ap sèvi avè l' yo, paske se te jou fèt li. Li
fè rele chèf kanbiz la ak chèf boulanje a devan tout lòt
chèf yo. 21 Li mete chèf kanbiz la nan plas li ankò pou
sèvi l'. 22 Men, li fè pann chèf boulanje a, jan Jozèf te di
yo a. 23 Men, chèf kanbiz la pa dòmi reve Jozèf, li bliye l'
nèt.

41 Dezan te fin pase. Farawon an fè yon rèv. Li wè li
te kanpe bò larivyè Nil la. 2 Li wè sèt bèl vach byen
gra moute soti nan larivyè a, yo t'ap manje zèb bò dlo a.
3 Apre sa, sèt lòt vach tout lèd, tout mèg, moute soti nan
dlo a tou. Yo vin kanpe toupre lòt vach yo, bò dlo a. 4
Sèt vye vach mèg yo manje sèt bèl vach gra yo. Epi je
farawon an vin klè. 5 Dòmi pran l' ankò, li fè yon lòt rèv. Li
wè sèt gwo grap ble ki t'ap pouse sou yon sèl pye ble.
Yo te plen grenn, yo te mi. 6 Apre sa, sèt lòt grap vin
parèt sou menm pye ble a. Yo te chèch, van nòde te fin
boule yo. 7 Sèt grap chèch yo souse sèt bèl grap yo. Epi
je farawon an vin klè ankò. Se rèv sa yo li te fè. 8 Nan
maten, li te boulvèse anpil, li voye chache dènye divinò ak
nèg save ki nan peyi Lejip la. Li rakonte yo rèv la, men yo

yonn pa t' kapab esplike rèv la ba li. **9** Se lè sa a, chèf
kanbiz la di farawon an: -Koulye a mwen chonje mwen te
fè yon fòt. **10** Yon jou, monwa, ou te ankòlè sou sèvitè ou
yo. Ou te fè mete yo nan prizon lakay kòmandan gad palè
ou la. Se te mwen menm, chèf kanbiz ou a, ansanm ak
chèf boulanje ou la. **11** Yon jou lannwit, nou tout de nou
reve. Chak moun te fè yon rèv diferan. Chak rèv te gen
sans pa l'. **12** Te gen yon jenn ebre avèk nou nan prizon
an. Se te yon esklav kòmandan gad palè a. Nou rakonte l'
rèv nou yo. Epi li esplike yo ban nou, li bay chak moun
sans rèv li te fè a. **13** tout bagay pase jan li te di a: Sou
twa jou vre, farawon an te mete m' nan plas mwen ankò.
Pou chèf boulanje a menm, li te fè pann li. **14** Farawon
an voye chache Jozèf. Yo fè l' soti byen vit nan prizon
an. Jozèf fè labab, li koupe cheve l', li chanje rad, epi li
parèt devan farawon an. **15** Farawon an di Jozèf konsa: -
Mwen fè yon rèv, pesonn pa ka di m' sa l' vle di. Men yo
di m' depi yo rakonte ou yon rèv, ou ka esplike l'. **16** Jozèf
reponn farawon an: -Se pa mwen menm non! Se Bondye
ki pral bay farawon an esplikasyon rèv la. **17** Farawon
an di: -Mwen reve mwen te kanpe bò larivyè Nil la. **18**
Konsa, sèt bèl vach byen gra te moute soti nan larivyè a,
yo t'ap manje zèb bò dlo a. **19** Apre sa, sèt lòt vach tout
mèg, tout lèd, tout chèch te moute soti nan dlo a dèyè lòt
yo. Mwen poko janm wè vye vach lèd konsa nan tout
peyi Lejip la. **20** Vye vach mèg yo manje bèl vach gra
yo. **21** Lè yo te fin vale yo, se tankou si yo pa t' janm
manje. Yo te rete menm jan yo te ye anvan an. Epi je m'
vin klè. **22** Apre sa, mwen fè yon lòt rèv. Mwen wè sèt
grap ble byen plen, byen mi ki t'ap pouse ansanm sou
yon sèl pye ble a. **23** Apre sa, sèt lòt grap parèt dèyè yo.
Yo te chèch, van nòde te fin boule yo. **24** Grap mèg yo
souse sèt bèl grap yo. Mwen rakonte rèv yo bay divinò
yo, men yo yonn pa t' kapab esplike yo ban mwen. **25**
Jozèf di farawon an: -tout de rèv yo vle di menm bagay
la: Bondye fè ou konnen sa li pral fè. **26** Sèt vach gra
yo, se sèt lanne. Sèt bèl grap yo se sèt lanne tou. Yo
vle di menm bagay. **27** Sèt vach tout mèg, tout lèd ki vin
apre lòt yo, se sèt lanne. Sèt grap ble boule yo, se sèt
lanne tou. Sa vle di pral gen sèt lanne grangou. **28** Se
jan m' sot di farawon an: Bondye vle fè ou konnen sa li
pral fè. **29** Pandan sèt lanne pral gen bèl rekòt nan tout
peyi Lejip la. **30** Apre sa, pral gen sèt lanne grangou. Lè
sa a, moun pral bliye tout bèl rekòt yo te fè nan peyi a.
Grangou pral fini nèt ak peyi a. **31** Grangou ki pral tonbe
sou peyi a pral rèd anpil. Moun p'ap wè tras rekòt ki te fèt
nan peyi a. **32** Si farawon an fè menm rèv la de fwa, sa
vle di Bondye gen tan fin fè plan l' nèt. Se yon bagay
Bondye pral fè talè konsa. **33** Koulye a, se pou farawon
an chwazi yon moun ki gen lespri ak bon konprann pou l'
mete l' chèf sou tout peyi Lejip la. **34** Se pou ou mete chèf
toupatou nan peyi Lejip la, pou yo ranmase yon senkyèm
nan tout rekòt ki pral fèt pandan sèt bon lanne yo. **35**
Se pou yo ranmase pwovizyon pandan tout lanne ki pral
vini yo. Se pou farawon an ba yo otorite pou yo anpile
pwovizyon yo nan depo nan chak vil, lèfini pou yo veye
yo. **36** Konsa, pwovizyon sa yo va sèvi yon rezèv pou
peyi a pandan sèt lanne grangou k'ap vin tonbe apre sa
sou peyi Lejip, pou grangou pa fini ak peyi a. **37** Farawon
an ak tout moun pa l' yo te tonbe dakò ak sa Jozèf te di
a. **38** Farawon an di moun pa l' yo: -Ki bò nou ka jwenn
yon moun ki gen lespri Bondye sou li tankou nonm sa
a? **39** Farawon an di Jozèf: -Gade tout bagay Bondye fè
ou konnen! Pa gen pesonn ki gen plis lespri, osinon plis
bon konprann pase ou. **40** M'ap mete ou chèf sou tout
peyi mwen an. Se pou tout moun nan peyi a obeyi ou. Se
sèlman paske mwen wa kifè mwen menm m'a pi gwo
chèf pase ou. **41** Apre sa, farawon an di Jozèf: -Gade,
m'ap mete ou chèf pou gouvènen tout peyi Lejip la. **42**
Li wete gwo bag ki te nan dwèt li a, li mete l' nan dwèt
Jozèf. Li abiye l' ak yon rechanj fèt ak bèl twal fen. Li
pase yon chenn an lò nan kou l'. **43** Li fè l' moute sou yon
cha. Se te pi bèl cha nan tout peyi a apre cha wa a. Li
bay gad onè ki t'ap mache devan Jozèf yo lòd pou yo
di byen fè: Abrèk. Se konsa farawon an te mete Jozèf
chèf sou tout peyi Lejip la. **44** Farawon an di Jozèf: -Se
mwen menm farawon an k'ap pale avèk ou. Pesonn pa
gen dwa fè anyen ni al ankenn kote nan peyi Lejip san
pèmisyon ou. **45** Farawon an rele Jozèf Safna-Paneak. Li
pran Asnat, pitit fi Potifera, yon prèt lavil On, li bay Jozèf li
pou madanm. Jozèf al vizite tout peyi Lejip la. **46** Jozèf te
gen trantan lè li te konmanse sèvi farawon an, wa peyi
Lejip la. Li pati, li vwayaje toupatou nan peyi Lejip la. **47**
Pandan sèt bon lanne yo, tè a te bay anpil anpil rekòt. **48**
Jozèf ranmase pwovizyon pandan sèt lanne bon rekòt yo
nan tout peyi a, li mete yo nan depo nan lavil yo. Chak
lavil te gen kont depo pou sere tout sa jaden alantou yo te
bay. **49** Li ranmase ble, li ranmase ble tankou ou ta di sab
bò lanmè. Sitèlman te gen anpil ble, yo pa t' ka konnen
kantite ki te genyen. **50** Anvan lanne grangou yo mete
pye, Jozèf te gen tan gen de pitit ak Asnat, pitit fi Potifera,
prèt lavil On an. **51** Jozèf rele premye a Manase paske li
t'ap di nan kè l': Bondye fè m' bliye tout soufrans mwen
ansanm ak moun lakay papa m' yo. **52** Li rele dezyèm lan
Efrayim paske li t'ap di nan kè l': Bondye fè m' fè pitit
nan peyi kote m'ap soufri a. **53** Sèt bon lanne rekòt yo te
fin pase nan peyi Lejip la. **54** Sèt lanne grangou yo te
konmanse jan Jozèf te di a. Grangou t'ap bat nan tout lòt
peyi yo tou, men te gen manje toujou nan tout peyi Lejip
la. **55** Men, yon lè grangou konmanse mete pye nan peyi
Lejip la tou. Pèp la menm pran rele nan zòrèy farawon an,
y'ap mande manje. Farawon an di moun peyi Lejip yo: -Al
jwenn Jozèf. Se li menm ki va di nou sa pou nou fè. **56** Lè
grangou a te toupatou nan peyi Lejip la, Jozèf louvri tout
depo yo. Li vann moun peyi Lejip yo ble, paske grangou
a te rèd anpil nan peyi Lejip la. **57** Moun soti toupatou
nan tout lòt peyi yo vin achte ble nan men Jozèf nan peyi
Lejip, paske grangou a te rèd anpil toupatou sou latè.

42 Lè Jakòb vin konnen te gen ble pou vann nan peyi
Lejip, li di pitit li yo: -Poukisa nou chita konsa yonn

ap gade lòt, de bra kwaze? **2** Mwen tande y'ap vann ble
nan peyi Lejip. Desann non, al achte ble pou nou ka viv
pou nou pa mouri grangou. **3** Se konsa, dis nan frè Jozèf
yo desann nan peyi Lejip, y al achte ble. **4** Men Jakòb pa
t' voye Benjamen, lòt frè Jozèf menm manman avè l' la,
avèk yo paske li te pè pou malè pa t' rive l'. **5** Grangou a
te rèd nan peyi Kanaran an tou. Se konsa, pitit Izrayèl yo
te vwayaje ansanm ak lòt moun ki tapral achte ble tou. **6**
Se Jozèf ki t'ap gouvènen sou tout peyi Lejip la. Se nan
men l' moun te konn soti toupatou vin achte manje. Frè
Jozèf yo rive, yo bese tèt yo byen ba jouk atè pou di l'
bonjou. **7** Lè Jozèf wè frè l' yo, li rekonèt yo. Men li pran
pòz pa konnen yo. Li pale rèd ak yo. Li di: -Ki bò nou soti?
Yo reponn: -Nou soti peyi Kanaran, nou vin achte manje.
8 Jozèf te rekonèt frè l' yo, men yo menm yo pa t' rekonèt
li. **9** Le sa a Jozèf vin chonje rèv li te fè sou frè l' yo. Li
di yo: -Nou se yon bann espyon. Nou vin isit la pou n'
chache konnen pwen fèb peyi a. **10** Yo reponn li: -Non,
mèt. Nou se moun pa ou, se manje nou vin achte isit la.
11 Nou tout nou se pitit yon sèl papa. Nou p'ap ba ou
manti, se pa espyon nou ye. **12** Jozèf di yo: -Se pa vre.
Nou vin isit la pou n' chache konnen pwen fèb peyi a.
13 Yo di l': -Nou se douz frè, pitit yon sèl papa nan peyi
Kanaran. Dènye a rete ak papa nou. Gen yonn nan nou ki
disparèt. **14** Jozèf reponn yo: -Nou wè mwen gen rezon lè
m' di se yon bann espyon nou ye. **15** Men ki bò mwen
pral kenbe nou: M'ap fè sèman sou tèt farawon an, nou
p'ap soti isit la tout tan nou pa fè ti frè nou an vini isit la.
16 Voye yonn nan nou al chache l'. Lòt yo ap rete nan
prizon. Se konsa, m'a wè nou pa t'ap bay manti. Si se pa
sa, mwen fè sèman sou tèt farawon an, se espyon nou
ye. **17** Li fè fèmen yo tout nan prizon pandan twa jou. **18**
Sou twazyèm jou a, Jozèf di yo: -Men sa pou n' fè, si
nou vle sove lavi nou: Mwen menm mwen se moun ki
respekte Bondye. **19** Si nou konnen nou p'ap bay manti
se pou yonn nan nou rete fèmen nan prizon kote yo te
fèmen nou an. Lòt yo mèt pote ble a ale pou fanmi nou yo
ka manje. **20** Men, ti frè nou an, sa ki pi piti a, se pou nou
mennen l' ban mwen, pou nou ka moutre m' nou pa t' ban
m' manti. Konsa, yo p'ap touye nou. Yo tonbe dakò sou
sa. **21** Yonn t'ap di lòt: -Nou wè. Nou peye sa nou te fè frè
nou an pase. Se vre wi. Nou te fè mal lè nou te fè frè nou
an pase tout sa nou te fè l' la. Nou te wè ki jan sa te fè l'
lapenn anpil, lè li t'ap mande nou fè l' gras. Men, nou pa
t' vle koute l'. Se poutèt sa nou nan tout traka sa a. **22**
Woubenn di yo: -Mwen te di nou pa fè tibway la anyen,
men nou pa t' vle koute m'. Koulye a se lanmò tibway la
n'ap peye. **23** Jozèf te konprann tout sa yo t'ap di a. Men
yo pa t' konn sa paske te gen yon moun ki t'ap tradwi pou
yo lè yo t'ap pale avè l'. **24** Jozèf soti kote yo te ye a, li al
kriye. Lèfini li tounen, li pale ak yo, li pran Simeyon, li fè
yo mete l' nan chenn, la devan yo tout. **25** Jozèf te bay
lòd pou yo te plen sak yo avèk ble, pou yo te mete lajan
yo chak nan sak yo ankò, lèfini pou yo ba yo manje pou
yo manje sou wout la. Se sa yo te fè vre. **26** Frè yo menm
chaje bourik yo ak ble yo te achte a, yo pati. **27** Lè yo rive
kote yo t'ap pase nwit la a, yonn ladan yo louvri sak li pou
l' te ka bay bourik li manje. Li jwenn lajan li te bay la nan
sak la. **28** Li di frè l' yo. -Yo renmèt mwen lajan m' lan wi.
Men li nan sak mwen an. Kè yo kase. Yo t'ap tranble kou
fèy bwa tèlman yo te pè. Yonn t'ap di lòt: -Kisa Bondye fè
nou konsa? **29** Lè yo rive kay Jakòb, papa yo, nan peyi
Kanaran, yo rakonte l' tout sa ki te pase. Yo di l': **30** -Nèg
k'ap gouvènen peyi a pale rèd ak nou. Li pran nou pou
espyon. **31** Nou di l' nou p'ap ba l' manti, se pa espyon
nou ye. **32** Se douz frè nou ye, pitit yon sèl papa. Yonn
nan nou disparèt, dènye a rete ak papa nou nan peyi
Kanaran. **33** Men chèf peyi a di nou: Men ki jan m'ap
konnen si nou p'ap ban m' manti: Kite yonn nan frè nou
yo isit la avèk mwen. Pran sa nou bezwen pou fanmi nou.
Nou mèt ale. Mennen lòt ti frè nou an ban mwen. **34** Lè
sa a, m'a konnen se pa espyon nou ye, nou pa t'ap ban
m' manti. m'a renmèt nou frè nou an. m'a kite nou trafike
nan peyi a. **35** Lè yo vide sak yo, chak moun jwenn ti
sakit lajan li te bay la nan bouch sak li ankò. Lè yo wè sa,
yon sèl lapè pran yo ansanm ak papa yo. **36** Lè sa a
Jakòb, papa yo, di: -N'ap wete tout pitit mwen yo nan men
m'. Jozèf disparèt, Simeyon pa la ankò. Koulye a, nou vle
pran m' Benjamen. Se mwen menm k'ap pote tout chaj la.
37 Woubenn di papa l' konsa: -Papa, ou mèt touye de pitit
gason m' yo, si m' pa mennen Benjamen tounen ba ou.
Ou mèt renmèt mwen li nan men, m'ap mennen l' tounen
ba ou. **38** Men Jakòb te di: -Pitit gason m' lan p'ap fè
yon pa. Frè li a fin mouri. Se li menm sèl ki rete nan pitit
manman l' yo. Si pou yon malè ta rive l' nan vwayaj nou
pral fè a, m'a mouri. Mwen fin granmoun, lapenn sa a va
twòp pou mwen, la fin pote m' ale. **(Sheol h7585)**

43 Grangou t'ap bat pi rèd nan peyi Kanaran an. **2** Lè
fanmi Jakòb yo te fin manje ble yo te pote soti nan
peyi Lejip la, Jakòb di pitit li yo: -Tounen al chache manje
pou nou ankò non. **3** Jida reponn li: -Nonm lan te byen
avèti nou pou nou pa parèt devan l' si nou pa vin ak ti
frè nou an. **4** Si ou vle kite ti frè nou an vin ak nou, nou
v al achte manje pou ou. **5** Si ou pa vle kite l' ale, n'ap
rete, paske msye a te tout di nou: piga nou parèt devan l'
ankò si nou pa vin ak ti frè nou an. **6** Izrayèl di: -Sa nou
te bezwen di l' nou te gen yon ti frè fè? Poukisa nou fè
m' sa? **7** Yo reponn li: -Msye a t'ap poze nou keksyon
sou nou ak sou fanmi nou. Li mande nou si papa nou la
toujou, si nou gen lòt frè, se pou n' te reponn li. Kouman
pou n' ta fè konnen li tapral mande nou pou nou mennen
ti frè nou an ba li? **8** Jida di Izrayèl, papa l', konsa: -Kite
tibway la ale ak nou. Konsa n'a leve, n'a pati. Konsa ni
ou menm, ni nou menm, ni timoun nou yo p'ap mouri
grangou. **9** Se nan men m' li ye, se mwen menm ki pou
rann ou kont pou li. Si m' pa mennen l' tounen ba ou, si m'
pa tounen avè l' la devan ou, se mwen menm k'ap pote
fòt la devan ou jouk mwen mouri. **10** Si nou pa t' pran tout
reta sa a, koulye a nou ta gen tan ale nou tounen de fwa
deja. **11** Lè sa a, Izrayèl, papa yo, di: -Bon. Si se konsa

sa ye, men sa pou n' fè: n'ap pran pi bon danre ki gen
nan peyi a, n'ap mete nan sak nou, n'ap pote fè nonm lan
kado: gonm santi bon, siwo myèl, lansan, lami, pistach ak
nwa. 12 Lèfini, n'a pran de fwa valè lajan nou bezwen,
paske fòk nou renmèt lajan yo te mete nan bouch sak ble
yo tou. Ou pa janm konnen, yo ka pa t' wè sa. 13 Pran frè
nou an, tounen kote msye a. 14 M'ap mande Bondye ki
gen tout pouvwa a pou l' fè nonm lan aji byen ak nou,
pou l' ka renmèt nou ni lòt frè nou an, ni Benjamen. Pou
mwen menm, si se pou m' pèdi pitit mwen yo, mwen mèt
pèdi yo. 15 Se konsa mesye yo pran kado yo, de fwa
valè lajan yo te bezwen ansanm ak Benjamen, yo leve,
yo desann peyi Lejip kote yo parèt devan Jozèf. 16 Lè
Jozèf wè Benjamen ak yo, li rele chèf domestik li a, li
di l': -Mennen mesye sa yo lakay mwen. Touye yon bèt,
kwit li, paske mesye sa yo ap manje avè m' midi a. 17
Chèf domestik la fè sa Jozèf te di l' fè a, li mennen mesye
yo lakay li. 18 Men, lè mesye yo wè yo t'ap mennen yo
lakay Jozèf, yo te pè anpil. Yo t'ap di: -Se poutèt lajan nou
te jwenn nan sak nou yo dènye fwa a kifè y'ap mennen
nou bò isit la. Yo pral kenbe nou, yo pral bat nou, y'ap fè
nou tounen esklav. Lèfini y'ap pran bourik nou yo. 19 Se
konsa, antan yo rive nan papòt kay la, yo pwoche bò chèf
domestik la, 20 yo di l': -Eskize nou wi, mèt. Nou te vin isit
la yon fwa deja pou n' te achte manje. 21 Lè n'ap tounen
lakay nou, nou rive yon kote nou t'ap poze pou pase nwit,
nou louvri sak nou yo, nou jwenn tout lajan an nan bouch
sak yo, byen konte. Nou pote l' tounen wi. 22 Nou pote lòt
lajan tout pou n' ka achte manje. Nou pa konnen ki moun
ki te mete lajan an nan sak nou yo ankò. 23 Domestik
anchèf la di yo: -Pa okipe bagay konsa. Nou pa bezwen
pè. Se Bondye nou an, Bondye papa nou an, ki mete
richès sa a pou nou nan sak yo. Mwen te resevwa premye
lajan an. Lèfini, li mennen Simeyon vin jwenn yo. 24 Chèf
domestik la mennen mesye yo lakay Jozèf. Li ba yo dlo
pou yo lave pye yo, li bay bourik yo manje. 25 Mesye yo
menm pare kado yo pou lè Jozèf va vin jwenn yo midi,
paske yo te vin konnen yo tapral manje avè l'. 26 Lè Jozèf
antre lakay li, yo pote kado yo ba li, yo bese tèt yo jouk
atè devan li. 27 Jozèf mande yo kouman yo ye. Apre sa, li
di yo: -Granmoun nou te pale m' lan, papa nou an, ban m'
nouvèl li non? Li la toujou? Li byen? 28 Yo reponn li: -
Granmoun lan la wi, l'ap debat. Li byen mèsi. Yo tonbe
ajenou, yo bese tèt yo jouk atè devan li. 29 Lè Jozèf fè sa
li wè Benjamen, frè menm manman menm papa avè l' la,
li di: -Eske se ti frè nou an sa, ti frè nou t'ap pale m' lan?
Bondye beni ou, pitit mwen. 30 Lè sa a, Jozèf kouri soti
byen vit, paske kè l' t'ap fè l' mal pou frè l' yo. Dlo vin nan
je l', li antre nan chanm li, li kriye kont li. 31 Apre sa, li lave
figi l', li soti, li kenbe pou li pa kriye ankò, epi li bay lòd sèvi
manje a. 32 Yo te sèvi yon tab apa pou Jozèf, yon tab
apa pou frè l' yo ak yon lòt tab apa pou moun peyi Lejip ki
t'ap manje ansanm ak yo tou, paske pou moun peyi Lejip
yo, se ta yon wont pou yo chita manje sou menm tab ak
ebre yo. 33 Frè Jozèf yo te chita anfas li. Yo te mete yo
chita dapre laj yo, depi pi gran an jouk pi piti. Lè yo wè sa,
yo te sezi, yonn gade lòt. 34 Jozèf te fè yo pran manje
sou tab li pote ba yo. Benjamen te resevwa senk fwa plis
pase lòt yo. Yo manje, yo bwè, yo fete ansanm avè l'.

44 Apre sa, Jozèf bay chèf domestik la lòd sa a: -Plen
sak mesye yo manje mezi yo ka pote. Mete lajan
chak moun nan bouch sak yo. 2 W'a pran gwo gode m'
lan, gode an ajan an, w'a mete l' nan bouch sak pi piti a
ansanm ak tout lajan l' lan. Chèf domestik la fè sa Jozèf
te di l' fè a. 3 Nan denmen maten, byen bonè, yo voye
mesye yo al fè wout yo ak tout bourik yo. 4 Yo te fin kite
lavil la dèyè, men yo pa t' pi lwen pase sa, lè Jozèf di
domestik li a: -Leve, kouri dèyè mesye yo. Lè w'a trape
yo, w'a di yo: Poukisa nou aji mal konsa ak moun ki fè
nou byen? 5 Poukisa nou pran gwo gode mèt mwen an?
Se ladan l' li bwè, se ak li li sèvi pou l' konnen sa ki pral
pase. Sa nou fè a pa bon menm. 6 Lè domestik la trape
yo, li repete tout sa mèt li a te di l'. 7 Men yo reponn: -
Men msye, nou pa konprann sa w'ap di la a. pou n' ta
fè bagay konsa? Mande Bondye padon! 8 Gade, lajan
nou te jwenn premye fwa a nan bouch sak nou yo, nou
pote l' tounen ba ou soti peyi Kanaran. Ki jan ou vle wè
pou nou ta vòlò ajan osinon lò kay mèt la? 9 Si ou jwenn
gwo gode a nan men yonn nan nou, se pou moun sa a
mouri. Nou menm lòt yo, se pou yo fè nou tounen esklav.
10 Domestik la di: -Dakò. Men, si yo jwenn gode a nan
men yonn nan nou, se moun sa a m'ap pran pou sèvi m'
esklav. Lòt yo lib, yo mèt ale. 11 La menm, yo prese mete
sak yo atè, chak moun louvri sak yo. 12 Chèf domestik
Jozèf la pran fouye sak yo yonn apre lòt. Li konmanse ak
sak pi gran an pou l' fini ak sak pi piti a. Yo jwenn gode a
nan sak Benjamen an. 13 Sa ou tande a, yon sèl lapenn
pran mesye yo, yo chire rad sou yo. Chak moun chaje
bourik yo ankò, yo tounen lavil. 14 Lè Jida ak frè l' yo rive
lakay Jozèf, Jozèf te la toujou. Yo bese tèt yo jouk atè
devan li. 15 Jozèf di yo: -Kisa nou fè konsa? Eske nou
pa konnen yon nonm tankou mwen gen pouvwa pou m'
wè tout sa ki pral rive? 16 Jida reponn li: -Mèt, nou pa
konn sa pou nou di. Nou pa ka pale. Pa gen savon pou
lave nou devan ou. Se Bondye menm ki fè ou dekouvri
nou. Mèt, se poutèt sa se pa sèlman moun ki te gen gode
a nan men l' lan ki esklav ou, se nou tout ki esklav ou.
17 Men Jozèf di: -Mande Bondye padon! Mwen pa ka fè
sa. Moun ki te gen gode a, se li menm sèlman k'ap rete
pou sèvi m' esklav. Lòt yo mèt tounen lakay papa yo ak
kè poze jan yo te vini an. 18 Lè sa a, Jida pwoche bò
kote Jozèf, li di l' konsa: -Tanpri, mèt. Kite m' di ou yon ti
pawòl. Ou pa bezwen fache sou mwen. Mwen konnen ki
di ou menm di farawon an. 19 Mèt, ou te mande nou èske
papa nou la, èske nou gen lòt frè. 20 Nou te reponn ou:
Wi, nou gen yon papa ki fin vye granmoun ak yon ti frè,
pitit papa nou te fè nan vyeyès li. Ti bway la te gen yon
lòt frè menm manman avè l'. Men, li mouri. Nan de pitit
manman l' yo, se li menm ase ki rete. Lèfini papa nou

renmen l' anpil. 21 Ou te mande nou pou nou mennen l'
isit la pou ou te ka wè l'. 22 Nou te reponn ou, mèt, ti
bway la pa t' ka kite papa l'. Si li kite l', chagren va touye
papa a. 23 Men, ou te kenbe pawòl ou pi rèd, ou te di nou
si ti frè nou an pa vini ak nou, nou pa bezwen parèt devan
ou. 24 Lè nou tounen kay papa nou, nou rakonte l' tout sa
ou te di nou. 25 Apre sa, papa di nou: Tounen al achte
manje pou mwen. 26 Nou di l': Non, papa. Nou pa ka
desann paske si ti frè nou an pa ale ak nou, nou p'ap ka
parèt devan chèf la. Men, si ou dakò pou ti frè nou an ale
ak nou, n'a desann. 27 Lè sa a, papa nou di: Nou konnen
madanm mwen te fè de sèl pitit gason pou mwen. 28 Gen
yonn ki pati kite m'. Mwen kwè se bèt nan bwa ki dwe
devore l', paske mwen pa janm wè l' jouk koulye a. 29
Jòdi a, si nou pran sa a nan men m', si yon malè rive l',
avèk tout laj sa ki sou tèt mwen an, mwen p'ap ka sipòte
lapenn sa a, chagren va touye m'. (Sheol h7585) 30 Koulye
a atò, mèt, si mwen tounen al jwenn papa m' san pitit
gason l' sa a, ki de je nan tèt li, 31 kou la gade li wè pitit li
a pa la, l'ap mouri. Se nou menm ki va lakòz lapenn sa
a k'ap twòp pou granmoun lan. Papa nou va mouri sou
kont nou. (Sheol h7585) 32 Wi, se mwen menm ki te bay
papa m' garanti m'ap tounen ak pitit la. Mwen te di l': Si m'
pa mennen l' tounen ba li, se mwen menm k'ap pote fòt
la devan l' jouk jou mwen mouri. 33 Se poutèt sa, mèt,
tanpri, kite ti bway la ale avèk frè l' yo, kite m' pran plas li.
Gade m' pou esklav ou. 34 Mwen pa konnen ki pye pou
m' ta mete devan pou m' tounen kay papa m' san ti gason
an pa avèk nou. Mwen pa ta vle wè lapenn sa a tonbe
sou papa m'.

45 Jozèf pa t' kapab kenbe ankò devan tout moun ki
t'ap sèvi l' yo. Li di byen fò: -Fè tout moun soti. Se
konsa, pesonn pa t' la avèk Jozèf lè li fè frè l' yo rekonèt li.
2 Li te pran kriye byen fò, tèlman fò moun peyi Lejip yo te
tande l'. Bri a te rive jouk lakay farawon an. 3 Jozèf di frè
l' yo: -Se mwen menm Jozèf. Eske papa m' vivan toujou?
Men frè l' yo pa t' kapab reponn li paske yo te boulvèse lè
yo wè l' devan yo. 4 Jozèf di frè l' yo: -Pwoche vin pi pre
m'. Yo pwoche, li di yo: -Se mwen menm Jozèf wi, frè nou
an. Se mwen menm wi nou te vann bay moun ki tapral
peyi Lejip la. 5 Men koulye a, nou pa bezwen boulvèse.
Nou pa bezwen règrèt nou te vann mwen pou yo mennen
m' isit la. Se Bondye ki te voye m' devan pou m' te ka
sove lavi nou. 6 Sa fè dezan depi grangou tonbe sou peyi
a. Men, p'ap gen mwayen travay latè ni fè rekòt pou senk
lanne ankò. 7 Bondye te voye m' vini devan pou ras nou
an pa t' fini nan peyi a, pou m' te ka sove lavi nou, pou
nou pa mouri. 8 Nou wè. Se pa nou menm ki te voye m'
isit la, men se Bondye. Se Bondye menm ki mete m' sèvi
yon papa pou farawon an. Mwen se chèf nan tout kay
li, se mwen k'ap gouvènen tout peyi Lejip la. 9 Koulye
a, prese tounen kay papa m'. Al di l': Men sa Jozèf, pitit
gason l' lan, voye di l': Bondye mete m' chèf sou tout peyi
Lejip la. Desann vin jwenn mwen. Pa mize. 10 Ou pral
rete nan peyi Gochenn. Konsa, w'a toupre m', ou menm
ansanm ak pitit ou yo, pitit pitit ou yo, mouton ou yo, bèf
ou yo ak tout sa ou genyen. 11 Lè wa Gochenn, m'a pran
swen ou, paske grangou a la pou senk lanne ankò. 12
Koulye a, nou wè, pa vre. Benjamen, frè m' lan, wè tout
se mwen menm menm Jozèf k'ap pale ak nou an. 13 Fè
papa m' konnen jan moun respekte m' isit nan peyi Lejip.
Rakonte l' tou sa nou wè. Prese mennen papa m' desann
isit la. 14 Epi li lage kò l' nan bra Benjamen, frè li a, li
konmanse kriye ankò. Benjamen tout t'ap kriye sou zepòl
li. 15 Apre sa, li bo tout frè li yo, li t'ap kriye toujou. Lèfini,
frè l' yo pran pale ak li. 16 Lè moun lakay farawon yo vin
konnen frè Jozèf yo te vini, sa te fè farawon an ak chèf li
yo kontan. 17 Farawon an di Jozèf konsa: -Pale ak frè ou
yo. Di yo men sa pou yo fè: Chaje bèt yo, ale nan peyi
Kanaran. 18 Lè y'a rive, y'a pran papa yo ak tout fanmi
yo, y'a tounen vin jwenn mwen. m'a ba yo pi bon tè ki nan
peyi Lejip la pou fè jaden. Y'a manje pi bon manje ki gen
nan peyi a. 19 Ou menm poutèt pa ou, w'a di yo sa pou
yo fè. Y'a pran kèk cha nan peyi Lejip la pou timoun yo ak
madanm yo. Y'a mennen papa yo vini. 20 Yo pa bezwen
règrèt kite anyen, paske se pi bon bagay nan tout peyi
Lejip la m'ap ba yo. 21 Se sa menm pitit Izrayèl yo te fè.
Jozèf ba yo kèk cha jan farawon an te ba li lòd la. Li ba yo
pwovizyon pou fè vwayaj la. 22 Li ba yo chak yon rad tout
nèf. Men, li bay Benjamen twasan (300) pyès lajan ak
senk rad nèf. 23 Apre sa, li pran dis mal bourik chaje ak pi
bon bagay ki te nan peyi Lejip la, dis fenmèl bourik chaje
ak ble ak pen ak tout kalite lòt pwovizyon ankò, li voye
bay papa l' pou l' ka fè vwayaj la. 24 Lè l'ap voye frè l'
yo pati, li di yo: -Piga nou chache kont yonn ak lòt nan
chemen an, tande. 25 Yo kite peyi Lejip, yo rive Kanaran
lakay Jakòb, papa yo. 26 Yo di l': -Papa, Jozèf la toujou
wi. Se li menm k'ap gouvènen peyi Lejip la wi. Men, Jakòb
rete tout frèt, paske li pa t' kwè yo. 27 Men, lè yo rakonte
l' tout sa Jozèf te di yo, lè li wè cha Jozèf te voye pou l' te
ka vwayaje a, Jakòb gen yon sèl kontantman ki pran l'. 28
Li di yo: -Se kont. Jozèf, pitit mwen an, vivan toujou. Fòk
m ale pou m' ka wè l' anvan m' mouri.

46 Izrayèl pati avèk tout sa li te genyen. li al Bècheba,
li touye bèt, li ofri yo bay Bondye Izarak, papa li. 2
Jou lannwit sa a, Bondye pale ak Izrayèl nan rèv, li di l': -
Jakòb! Jakòb! Jakòb reponn: -Men mwen wi. 3 Bondye di
li: -Mwen se Bondye, Bondye papa ou la. Ou pa bezwen
pè desann ale nan peyi Lejip paske m'ap fè pitit pitit ou yo
tounen yon gwo pèp laba a. 4 M'ap desann avè ou nan
peyi Lejip, m'ap fè pitit pitit ou yo tounen isit la ankò. Se
Jozèf ki va fèmen je ou lè wa mouri. 5 Jakòb pati, li kite
Bècheba. Pitit Izrayèl yo pran Jakòb, papa yo, ansanm
ak timoun yo ak madanm yo, yo fè yo moute sou cha
farawon an te voye pou yo vwayaje a. 6 Yo pran tout bèt
ak tout byen yo te fè nan peyi Kanaran an. Yo desann
nan peyi Lejip. Yo mennen Jakòb desann nan peyi Lejip
ak tout pitit pitit li yo. 7 Jakòb pran pitit gason l' yo ak
pitit fi l' yo, pitit pitit li yo, fi kou gason, li desann nan peyi
Lejip ak yo tout. 8 Men non pitit Izrayèl yo ansanm ak pitit

pitit yo ki te desann nan peyi Lejip: Jakòb ak pitit gason l'
yo. Premye gason an te rele Woubenn. **9** Men non pitit
Woubenn yo: Enòk, Palou, Ezwon ak Kami. **10** Men non
pitit Simeyon yo: Jemouyèl, Jamen, Orad, Jaken, Zoka ak
Sayil. Li te fè dènye sa a ak yon fanm peyi Kanaran. **11**
Men non pitit gason Levi yo: Gèchon, Keyat ak Merari. **12**
Men non pitit gason Jida yo: Er, Onan, Chela, Perèz ak
Zerak. Men Er ak Onan te mouri nan peyi Kanaran. Perèz
te gen de pitit gason: Ezwon ak Amoul. **13** Men non pitit
Isaka yo: Tola, Pouva, Jòb ak Chimwon. **14** Men non pitit
Zabilon yo: Serèd, Elon ak Jaleyèl. **15** Se pitit sa yo Leya
te fè pou Jakòb lè yo te Mezopotami. Leya te fè yon fi tout
yo te rele Dena. Avèk pitit pitit yo, sa te fè antou tranntwa
gason ak yon fi. **16** Men non pitit gason Gad yo: Zifjon,
Agi, Chouni, Ezbon, Eri, Awodi ak Areyèli. **17** Men non
pitit gason Asè yo: Jimna, Jichva, Jichvi epi Beria. Yo te
gen yon sè ki te rele Serak. Beria te gen de pitit gason:
Ebè ak Malkyèl. **18** Se pitit gason sa yo Zilpa te fè pou
Jakòb. Zilpa sa a, se te sèvant Laban te bay Leya, pitit fi li
a. Avèk pitit pitit yo, sa te fè antou sèz moun. **19** Men non
pitit gason Rachèl, madan Jakòb: Jozèf ak Benjamen. **20**
Pandan Jozèf te nan peyi Lejip, Asnat, pitit fi Potifera, prèt
lavil On an, te fè Manase ak Efrayim pou li. **21** Men non
pitit Benjamen yo: Bela, Bekè, Achbèl, Gera, Naaman, Ei,
Wòch, Moupen, Oupim epi Ad. **22** Se pitit gason sa yo
Rachèl te fè pou Jakòb. Avèk pitit pitit yo, sa te fè antou
katòz moun. **23** Men non pitit gason Dann lan: Ouchim.
24 Men non pitit gason Neftali yo: Jazeyèl, Gouni, Jezè
epi Chilèm. **25** Se pitit gason sa yo Bila te fè pou Jakòb.
Bila sa a, se te sèvant Laban te bay Rachèl, pitit fi li a.
Avèk pitit pitit yo, sa te fè antou sèt moun. **26** Antou sa te
fè swasannsis moun, pitit ak pitit pitit ki te desann nan
peyi Lejip ansanm ak Jakòb, san konte madanm pitit li yo.
27 Avèk Jozèf ki te gen tan fè de pitit nan peyi Lejip, sa
te fè antou swasanndis moun laras Jakòb ki te vin nan
peyi Lejip. **28** Izrayèl te voye Jida devan al mande Jozèf
pou l' vin jwenn li Gochenn. **29** Jozèf fè pare cha li a, li
moute, li al Gochenn, li al kontre papa l'. Rive Jozèf rive
devan papa l', li lage kò l' nan bra l', li pase yon bon tan
ap kriye sou zepòl li. **30** Izrayèl di Jozèf konsa: -Koulye a,
mwen wè figi ou, mwen konnen ou vivan toujou, mwen
mèt mouri. **31** Epi Jozèf di frè l' yo ak tout fanmi papa l'
yo: -Mwen pral avèti wa a. Mwen pral di l': men frè m' yo
ak tout fanmi papa m' yo ki t'ap viv nan peyi Kanaran vin
jwenn mwen isit la. **32** Se gadò mouton yo ye. Se bèt
yo konn gade. Yo mennen tout mouton yo ak tout bèf
yo ansanm ak tout sa yo genyen. **33** Lè farawon an va
rele nou pou mande nou ki metye nou, **34** n'a reponn li:
Monwa, depi nou tout piti jouk koulye a, se bèt n'ap gade,
tankou tout zansèt nou yo. Konsa, nou ka rete nan peyi
Gochenn lan. Li te di yo sa paske moun peyi Lejip yo pa
ka sipòte wè moun k'ap gade bèt viv nan mitan yo.

47 Apre sa, Jozèf al avèti farawon an li di l': -Men papa
m' ak frè m' yo rive soti nan peyi Kanaran, yo vini
ak mouton yo, bèf yo ak tout sa yo genyen. Koulye a
menm yo Gochenn. **2** Jozèf te pran senk nan frè l' yo
avèk li, li prezante yo bay farawon an. **3** Farawon an di yo
konsa: -Ki metye nou? Yo reponn li: -Metye nou se gade
bèt tankou zansèt nou yo. **4** Apre sa, yo di farawon an: -
Nou vin pou nou ka rete nan peyi a, paske pa gen manje
ankò nan peyi nou pou bèt yo manje. Lèfini, grangou a
rèd anpil nan peyi Kanaran. Tanpri, ban nou pèmisyon
pou nou rete nan peyi Gochenn lan. **5** Farawon an di
Jozèf: -Men papa ou ak frè ou yo vin jwenn ou isit la. **6**
tout peyi Lejip la la devan ou. Chwazi pi bon tè nan peyi
a, ba yo l' pou rete. Yo mèt rete sou tè Gochenn lan. Epi,
si ou konnen gen nan mitan yo moun ki kapab pran swen
bèt pa m' yo, ou mèt ba yo bèt mwen yo gade. **7** Apre
sa, Jozèf fè papa l' vini, li prezante l' bay farawon an. Lè
Jakòb fin di farawon an bonjou, **8** farawon an mande l': -Ki
laj ou? **9** Jakòb reponn li: -Mwen gen santrantan (130 an)
depi m'ap moute desann sou latè. Men, mwen poko prèt
pou m' rive laj zansèt mwen yo te rive lè yo t'ap fè moute
desann pa yo. Mwen pa gen anpil laj, se vre. Men, mwen
pa manke bat mizè. **10** Jakòb di farawon an orevwa, epi li
ale. **11** Jozèf fè papa l' ak frè l' yo rete nan peyi Lejip. Li
ba yo tè bò lavil Ranmsès, jan farawon an te mande l' la.
Li ba yo yon bon tè nan peyi a. **12** Jozèf te bay papa
l', frè l' yo ak tout fanmi yo kantite manje yo te bezwen
pou mezi timoun yo te genyen. **13** Grangou a te rèd anpil
toupatou. pa t' gen manje ankò. Moun peyi Lejip ak moun
peyi Kanaran yo t'ap fin deperi anba grangou a. **14** Jozèf
te fin ranmase dènye lajan moun peyi Lejip ak moun peyi
Kanaran te genyen nan vann yo ble. Li pote tout lajan an
lakay farawon an. **15** Lè tout lajan moun yo fini nan peyi
Lejip ak nan peyi Kanaran, tout moun peyi Lejip yo vin
jwenn Jozèf, yo di l': -Ban nou manje non, souple. Pa kite
nou mouri. Fè kichòy pou nou, nou pa gen lajan ankò. **16**
Jozèf di yo: -Si nou pa gen lajan, mennen bèt nou yo vini,
n'a boukante yo pou manje. **17** Se konsa, yo mennen
bèt yo bay Jozèf pou fè boukantay. Li ba yo manje, yo
ba li chwal, bèf, mouton, bourik. Pandan tout lanne a, li
boukante manje ak yo pou valè bèt yo te genyen. **18** Apre
lanne a fin pase, yo tounen bò kote Jozèf ankò. Yo di li: -
Nou p'ap kapab kache ou sa, mèt. Lajan nou fini nèt. Nou
deja ba ou tout bèt nou te genyen. Koulye a, mèt, se tè
nou yo ak pwòp tèt nou ase ki rete pou n' ba ou. **19** Pa
kite nou mouri. Fè kichòy pou nou! Pa kite nou pèdi tè
nou yo. Fè pri pou nou menm ansanm ak tout tè nou yo.
N'ap tounen esklav farawon an. Tè nou yo va pou li tou.
Men, ban nou plan pou nou simen nan jaden nou yo pou
nou pa mouri, pou tè a pa fin tounen savann. **20** Se konsa
Jozèf achte tout tè Lejip la pou farawon an. tout moun
peyi Lejip yo te vann li tè yo paske grangou a t'ap fini ak
yo. tout peyi a vini pou farawon an. **21** Jozèf fè tout moun
toupatou nan peyi a tounen esklav farawon an. **22** Se te
prèt yo ase li pa t' manyen. Prèt yo pa t' bezwen tè pou yo
manje, paske, dapre yon lwa ki gen nan peyi a, se farawon
an menm ki te toujou peye yo. Se ak lajan sa a yo te viv.
23 Jozèf di pèp la: -Jòdi a, mwen achte nou ansanm ak

tout tè nou yo pou farawon an. Men grenn m'ap ban nou
pou nou plante nan jaden nou yo. 24 Lè sezon rekòt la va
rive, n'a bay farawon an yon senkyèm (1/5) nan tou sa
nou rekòlte. Rès la va pou nou, pou nou plante nan jaden
nou yo, pou nou manje nou menm ansanm ak pitit nou yo
ak tout moun ki lakay nou. 25 Yo reponn li: -Ou sove lavi
nou! Sèl sa nou mande ou, se pou ou aji byen ak nou.
N'ap rete esklav farawon an. 26 Se konsa, Jozèf te pase
yon regleman pou tout peyi Lejip la: dapre regleman sa a
ki la jouk koulye a toujou, se pou yo bay farawon an yon
senkyèm sou chak rekòt. Se sèlman tè prèt yo ki pa t' pou
farawon an. 27 Moun Izrayèl yo te rete nan peyi Lejip sou
tè Gochenn lan. Yo vin gen anpil byen. Yo te fè anpil anpil
pitit. Yo t'ap fè toujou. 28 Jakòb pase disèt lanne nan
peyi Lejip. Li te rive gen sankarannsèt (147) lanne sou tèt
li. 29 Lè sa a, Izrayèl vin wè li pa t' gen lontan pou l' viv
ankò. Li fè rele Jozèf, pitit li a, li di l' konsa: -Si ou renmen
m' vre, tanpri, fè m' sèman. Mete men ou nan fant janm
mwen, pwomèt mwen w'ap kenbe pawòl ou, ou p'ap janm
trayi m'. Tanpri, pa antere m' nan peyi Lejip. 30 Mwen vle
pou yo antere m' menm kote ak zansèt mwen yo, lè m
aval jwenn fanmi mwen yo ki mouri deja a. Se pou ou
pran kadav mwen, pote l' soti peyi Lejip, al antere l' nan
kavo fanmi m' yo. Jozèf reponn li: -m'a fè jan ou mande
m' lan. 31 Men, Jakòb di Jozèf konsa: -Fè m' sèman w'ap
fè sa pou mwen! Jozèf sèmante ba li. Apre sa, Izrayèl
bese kouche nan kabann li.

48 Kèk tan apre sa, yo vin fè Jozèf konnen papa
l' malad. Jozèf pran Manase ak Efrayim, de pitit
gason l' yo, ak li, li ale wè Jakòb. 2 Yo vin di Jakòb: -Men
Jozèf, pitit ou, vin wè ou. Izrayèl ranmase dènye ti rès fòs
li te genyen an, li leve chita sou kabann lan. 3 Jakòb di
Jozèf: -Bondye ki gen tout pouvwa a te parèt devan mwen
yon kote yo rele Louz, nan peyi Kanaran. Li beni m'. 4 Li
di m' konsa: M'ap ba ou anpil pitit ak pitit pitit. M'ap fè yo
tounen anpil nasyon. Ou wè tè sa a? M'ap bay pitit pitit
ou yo li pou li rele yo pa yo pou tout tan. 5 Bon. De pitit
gason ou te fè nan peyi Lejip anvan m' te vin jwenn ou isit
la a, se pitit mwen yo pral ye. Wi, Efrayim ak Manase ap
pou mwen tankou Woubenn ak Simeyon. 6 Men, tout pitit
ou va fè apre yo, se pitit ou y'ap ye. Y'a pote non gran frè
yo pou yo ka jwenn pa yo nan byen m' yo. 7 Lè m' t'ap
tounen soti nan peyi Mezopotami an, Rachèl, manman ou,
te mouri nan men mwen. Li mouri sou wout pou ale peyi
Kanaran, pa twò lwen lavil Efrata. Mwen antere l' la sou
wout Efrata a. Se Efrata sa a yo rele Betleyèm lan tou. 8
Lè Izrayèl wè pitit Jozèf yo, li mande: -Ki timoun sa yo?
9 Jozèf reponn li: -Se pitit gason Bondye te ban mwen
antan mwen isit la wi. Izrayèl di li: -Tanpri, fè yo pwoche pi
pre m' pou m' ka beni yo. 10 Izrayèl te fin granmoun, je l'
pa t' bon menm. Li pa t' kapab wè ankò. Jozèf fè pitit li yo
pwoche bò kote papa l'. Jakòb pran yo, li bo yo, li pase
bra l' nan kou yo. 11 Izrayèl di Jozèf konsa: -Mwen pa t'
gen espwa wè figi ou ankò, men Bondye fè m' wè ata pitit
ou yo. 12 Jozèf wete timoun yo sou jenou Izrayèl, epi li
bese tèt li jouk atè devan papa l'. 13 Li pran timoun yo,
Efrayim nan men dwat li ak Manase nan men gòch li.
Konsa, Efrayim vin sou bò gòch Izrayèl, Manase menm
sou bò dwat li. Li fè yo pwoche vin jwenn papa l'. 14 Men,
Izrayèl kwaze men l' lè l'ap lonje yo, li mete men dwat li
sou tèt Efrayim ki te pi piti a, li mete men gòch li sou tèt
Manase ki te pi gran an. Izrayèl te konnen sa l' t'ap fè lè l'
te fè sa. 15 Li beni Jozèf, li di l': -Se pou Bondye zansèt
mwen yo, Bondye Abraram ak Izarak te sèvi tout lavi yo a,
beni timoun sa yo. Se pou Bondye ki te pran swen mwen
depi lè m' te fèt jouk jòdi a beni timoun yo. 16 Se pou zanj
Bondye ki te delivre m' anba tout move pa beni timoun
yo. Se pou yo pote non mwen ak non zansèt mwen yo,
Abraram ak Izarak. Se pou yo fè anpil pitit pitit, se pou yo
peple sou tè a. 17 Men Jozèf pa t' kontan lè li wè papa l'
te mete men dwat li sou tèt Efrayim. Li kenbe men papa l'
pou l' wete l' sou tèt Efrayim pou l' mete l' pito sou tèt
Manase. 18 Epi li di papa l': -Se pa konsa, papa. Men pi
gran an bò isit. Mete men dwat ou sou tèt li. 19 Men,
papa a derefize. Li di l': -Mwen konnen, pitit mwen, mwen
konnen. Manase tout ap vin yon pèp. Li menm tout l'ap
grannèg. Men, ti frè l' la pral pi grannèg pase l'. Pitit li
yo pral vin anpil nasyon. 20 Jou sa a, li beni yo, li di: -
Nan peyi pitit pitit Izrayèl yo, lè y'ap bay benediksyon,
y'a nonmen non nou. y'a mande pou Bondye beni yon
moun menm jan li te beni Efrayim ak Manase. Se konsa li
te mete Efrayim anvan Manase. 21 Apre sa, Izrayèl di
Jozèf: -Gade. Mwen pral mouri. Men Bondye ap la avèk
ou. La fè ou tounen nan peyi zansèt ou yo. 22 Se pa
pou lòt moun nan frè ou yo, se pou ou m'ap kite moso tè
Sichèm lan. Se pòsyon tè sa a mwen te pran nan men
moun Amori yo anba gwo goumen.

49 Jakòb fè rele pitit gason l' yo, li di yo: -Sanble non.
M'ap fè nou konnen sa ki pral rive nou nan jou
k'ap vini yo. 2 Sanble, vin koute non, pitit Jakòb yo! vin
koute sa Izrayèl, papa nou, pral di nou. 3 Ou menm,
Woubenn, premye pitit gason mwen, ou se fòs mwen,
premye pitit mwen fè. Nan tout pitit mwen yo, se ou ki
gen plis fòs, se ou ki pi gwonèg. 4 Ou tankou yon larivyè
k'ap desann. Men, se pa ou k'ap alatèt, paske ou kouche
ak yon madanm papa ou. Ou moute sou kabann mwen,
ou fè sa ou pa t' dwe fè. 5 Simeyon ak Levi se menm
moun, se pwason kraze nan bouyon! Yo sèvi ak zam
yo pou fè mechanste. 6 Mwen p'ap patisipe nan konplo
yo. Mwen p'ap la avèk yo nan reyinyon yo. Paske lè yo
ankòlè, yo touye moun. Yo koupe jarèt towo bèf pou dan
ri. 7 Madichon pou yo lè yo move paske yo san manman!
M'ap fè yo rete toupatou nan peyi Jakòb la. M'ap gaye
yo nan tout peyi Izrayèl la. 8 Ou menm, Jida, frè ou yo
ap fè lwanj ou. W'ap kenbe lènmi ou yo dèyè kou. Pitit
papa ou yo ap bese tèt devan ou. 9 Jida, se yon jenn
ti lyon. Lè ou fin fè ravaj, pitit mwen, ou tounen tounen
ou. Ou kwoupi, ou kache kò ou tankou yon jenn ti lyon,
tankou yon fenmèl lyon. Ki moun ki ka deranje ou? 10 Yo
p'ap ka wete kòmandman an nan men Jida. Non. Baton

kòmandman an p'ap soti nan mitan janm li, jouk tan moun
tout pèp sou latè pral obeyi a va vini. 11 L'ap mare ti
bourik li a nan yon pye rezen, l'ap mare pitit manman
bourik li a nan pi bon pye rezen an. L'ap lave rad li nan
diven, l'ap lave varèz li nan diven wouj kou san. 12 Je
l' wouj ak diven. Dan l' blan ak lèt. 13 Zabilon pral rete
bò lanmè. Batiman yo va jwenn bon pò sou rivaj li yo.
Limit peyi l' la ap rive jouk Sidon. 14 Isaka, se yon bon
bourik chay. Li kouche nan mitan de bò sakpay. 15 Li wè
jan kote li poze kò l' la nan gou li, li wè jan peyi a bèl.
Li pare do l' pou l' pote chay li. Li tounen esklav pou l'
travay di. 16 Dann ap yon chèf pou pèp li, tankou yon
branch nan fanmi Izrayèl. 17 Dann ap tankou yon sèpan
bò gran chemen an, yon sèpan mechan sou bò wout la.
L'ap mòde chwal yo nan talon pou l' fè kavalye yo tonbe
sou tèt. 18 O Seyè, m'ap tann ou vin sove mwen! 19 Ou
menm, Gad, yon bann vòlò ap vin tonbe sou ou. Men,
w'ap kouri dèyè yo, se ou k'ap mete men sou yo. 20
Peyi Asè a ap bay bon manje k'ap bay fòs. L'ap donnen
manje ki gou nan bouch wa yo. 21 Neftali, se yon fenmèl
kabrit ki lage. L'ap fè bèl ti pitit. 22 Jozèf se boujon yon
pye rezen ki konn donnen, li soti nan yon pye rezen bò
sous dlo ki donnen byen. Branch li yo moute sou tout
miray la. 23 Y'ap chache l' kont, y'ap voye wòch sou li.
Moun k'ap voye flèch yo tounen yon pèsekisyon pou li. 24
Men, banza pa li a rete fèm, ponyèt li pa febli, gremesi
pouvwa Bondye Jakòb la, Bondye ki gadò pèp Izrayèl
la. Se li ki tout pwoteksyon yo. 25 Sa soti nan Bondye
papa ou la k'ap ede ou, nan Bondye ki gen tout pouvwa a
k'ap beni ou avèk benediksyon lapli ki soti anwo nan syèl
la, avèk benediksyon sous dlo k'ap soti anba tè a, avèk
benediksyon ki soti nan tete ak nan vant manman. 26
Benediksyon papa ou yo pi plis pase benediksyon mòn ki
la pou tout tan yo. Se pou benediksyon sa yo tonbe sou
tèt Jozèf, sou tèt moun Bondye te chwazi nan mitan tout
frè l' yo. 27 Benjamen, se yon bèt nan bwa devoran. Nan
maten, li manje bèt li kenbe a. Nan aswè, l'ap separe
toujou sa l' te pran yo. 28 Men douz branch fanmi Izrayèl
yo. Men sa papa yo te di yo. Li beni yo, li bay chak moun
benediksyon pa yo. 29 Apre sa, Jakòb ba yo lòd sa a: -
Mwen menm, mwen pral jwenn fanmi m' yo ki mouri deja.
Antere m' menm kote ak zansèt mwen yo nan twou wòch
ki nan jaden Efwon, moun Et la, 30 nan twou wòch ki nan
jaden Makpela a, anfas Manmre, nan peyi Kanaran. Se
Abraram ki te achte twou wòch sa a ak tout jaden an nan
men Efwon, moun Et la, pou sèvi l' simityè. 31 Se la yo te
antere Abraram ak Sara, madanm li. Se la yo te antere
Izarak ak Rebeka, madanm li. Se la tout mwen te antere
Leya. 32 Se nan men mesye Et yo nou te achte jaden an
ak tout twou wòch ki sou li a. 33 Lè Jakòb fin pale konsa
ak pitit gason l' yo, li lonje kò l' sou kabann lan, li mouri, li
al jwenn fanmi li yo ki te mouri deja.

50 Jozèf lage kò l' sou papa l', li kriye kont li, li bo l' nan
figi. 2 Apre sa, Jozèf rele dòktè ki t'ap sèvi l' yo, li fè
yo pare kadav la. Se sa menm dòktè yo fè. 3 Yo pran
karant jou pou pare kadav la jan yo konn fè l' la. Apre sa,
moun peyi Lejip yo pase swasanndi jou ap kriye pou li. 4
Lè tout swasanndi jou yo fin pase, jou pou antèman an
rive. Jozèf pale ak moun lakay farawon yo, li di yo konsa:
-Tanpri souple, rann mwen sèvis sa a. Pote komisyon sa
a bay farawon an pou mwen. 5 Di l' pou mwen: Anvan
papa m' te mouri li te fè m' sèmante pou m' te antere l'
nan kavo li te fè pare pou li nan peyi Kanaran. Tanpri,
kite m' moute al antere papa m'. Apre sa, m'a tounen. 6
Farawon an voye reponn li: -Ou mèt al antere papa ou,
jan ou te sèmante ba li a. 7 Se konsa Jozèf moute al
antere papa l'. tout moun lakay farawon yo, tout chèf ak
tout notab peyi Lejip yo ale ak li, 8 ansanm ak tout fanmi
Jozèf yo, frè l' yo, ak tout fanmi papa l' yo. Men yo te kite
tout timoun piti yo Gochenn ansanm ak bèt yo, mouton,
kabrit ak bèf. 9 Te gen anpil cha ak anpil kavalye sou
chwal ki t ale avek li. Kifè pa t' manke moun nan lantèman
an. 10 Lè yo rive nan glasi Atad ki lòt bò larivyè Jouden,
kote sòlèy leve a, yo pran rele byen fò. Jozèf te fè yo
fè sèvis la pandan sèt jou pou papa l'. 11 Lè moun peyi
Kanaran yo wè sèvis lantèman yo t'ap fè Atad la, yo di: -
Ala yon grannèg ki mouri lakay moun peyi Lejip yo papa!
Se poutèt sa yo rele glasi ki lòt bò larivyè Jouden an: Glasi
lapenn moun peyi Lejip yo. 12 Konsa, pitit gason Jakòb
yo te fè jan papa yo te ba yo lòd fè a. 13 Yo pote kadav li
nan peyi Kanaran, yo antere l' nan twou wòch ki te nan
jaden Makpela a, anfas Manmre. Se jaden sa a Abraram
te achte nan men Efwon, moun Et la, pou sèvi l' simityè.
14 Apre Jozèf fin antere papa l', li tounen Lejip ansanm ak
frè l' yo ak tout moun ki te moute avè l' pou lantèman
papa l' la. 15 Apre lanmò papa yo, frè Jozèf yo di: -Ou pa
janm konnen. Jozèf ka kenbe nou nan kè, li ka fè nou
peye tout sa nou te fè l' yo. 16 Se konsa yo voye di Jozèf:
-Men komisyon papa te ban nou pou ou anvan l' te mouri:
17 Men sa n'a di Jozèf pou mwen: Tanpri, padonnen krim
frè ou yo te fè ou la. Padonnen peche yo paske yo te fè
ou mal anpil. Koulye a atò, tanpri, padonnen mal nou te fè
ou la, nou menm k'ap sèvi Bondye papa ou la. Lè Jozèf
tande pawòl sa a, li pran kriye. 18 Apre sa, frè l' yo vini yo
menm menm, yo bese tèt yo jouk atè devan li, yo di l'
konsa: -Men nou pote tèt nou pou nou sèvi ou domestik.
19 Jozèf di yo: -Nou pa bezwen pè. Mwen pa kapab pran
plas Bondye. 20 Nou te moute konplo pou fè m' mal. Men
Bondye fè sa tounen yon byen, pou l' te fè sak rive jòdi a
rive, pou l' te ka sove lavi tout kantite moun sa yo. 21
Non. Nou pa bezwen pè. M'ap okipe nou, nou menm
ansanm ak tout pitit nou yo. Se konsa, Jozèf te pale byen
ak frè l' yo, li te di yo pawòl ki te touche kè yo, li remoute
kouraj yo. 22 Jozèf te rete nan peyi Lejip ak tout fanmi
papa l' yo. Li te gen sandizan (110 an) lè l' mouri. 23 Li te
gen tan wè pitit ak pitit pitit Efrayim. Se nan men l' pitit
Maki yo te fèt. Maki sa a te pitit Manase. 24 Li di frè l' yo
konsa: -Mwen pral mouri. Men mwen sèten Bondye gen
pou vin ede nou. L'ap fè nou kite peyi sa a, l'ap fè nou
tounen nan peyi li te sèmante l'ap bay Abraram, Izarak ak

Jakòb la. **25** Apre sa, Jozèf fè pitit Izrayèl yo sèmante ba
li, li di yo: -Wi, Bondye gen pou vin ede nou. Lè sa a,
tanpri, pote zosman m' yo moute ak nou. **26** Lè Jozèf
mouri li te gen sandizan (110 an). Yo benyen kadav la, yo
pare l' pou l' pa pouri. Yo mete l' nan yon sèkèy byen
fèmen nan peyi Lejip.

Egzòd

1 Men non pitit Jakòb yo ki te desann avè l' nan peyi
Lejip ansanm ak tout fanmi yo: **2** Se te Woubenn,
Simeyon, Levi epi Jida, **3** Isaka, Zabilon epi Benjamen, **4**
Dann ak Nèftali, Gad ak Asè. **5** Sa te fè antou swasanndis
moun nan ras Jakòb la. Jozèf menm te deja nan peyi
Lejip la. **6** Apre sa, Jozèf mouri, tout frè l' yo mouri tou
ansanm ak tout moun menm laj ak yo. **7** Men pèp Izrayèl
la te fè anpil pitit, yo te peple. Yo te vin anpil. Yo te vin fò,
yo te toupatou nan peyi a. **8** Te vin gen yon lòt wa nan
peyi Lejip la. Wa sa a pa t' konn anyen sou Jozèf. **9** Li di
pèp la konsa: -Gade. Pèp Izrayèl la vin pi plis pase nou.
Yo pi fò pase nou. **10** Tande non! Fòk nou jwenn yon jan
wi, pou n' bat ak moun sa yo, pou yo pa vin plis toujou.
Paske, si yon lagè pete la a, yo ka mete tèt ansanm ak
lènmi nou yo pou yo bat nou. Apre sa, y'a pati kite peyi
a. **11** Se konsa yo mete kèk chèf sou pèp Izrayèl la pou
kraze kouraj yo, pou fè yo fè kòve travo fòse san pran
souf. Moun pèp Izrayèl yo bati lavil Piton ak Ranmsès pou
farawon an. Se nan lavil sa yo yo te fè depo manje. **12**
Men, tank moun Lejip yo t'ap peze moun pèp Izrayèl yo,
se tank yo t'ap fè pitit, se plis yo t'ap peple. Moun Lejip
yo vin rayi moun pèp Izrayèl yo. **13** Se konsa, yo fè pèp
Izrayèl la tounen esklav. **14** Yo rann yo lavi minab, yo fè
yo travay rèd ap bat mòtye, ap fè brik, ap fè tout lòt kalite
kòve nan jaden. Yo bat yo, yo fòse yo fè tout kalite travay
sa yo. **15** Lè sa a, te gen de fanmchay ki te konn akouche
medam ebre yo. Yonn te rele Chifra, lòt la te rele Pwa.
Wa Lejip la rele yo, **16** li di yo: -Lè n'ap akouche medam
ebre yo, lè yo sou choukèt, louvri je nou. Si pitit la se
yon gason, touye l'. Men si se yon fi, kite l' viv. **17** Men,
fanmchay yo te gen krentif pou Bondye. Yo pa t' fe sa wa
Lejip la te ba yo lòd fè a. Yo te kite ti gason yo viv tou. **18**
Lè sa a, wa a fè rele fanmchay yo, li mande yo: -Poukisa
nou fè sa? Apa nou kite ti gason yo viv tou? **19** Medam
yo reponn: -Fanm ebre sa yo pa tankou fanm Lejip yo
non. Yo gen kouraj sou yo wi. Anvan fanmchay la rive, yo
gen tan akouche. **20** Bondye te beni fanmchay yo. Moun
pèp Izrayèl yo menm t'ap vin pi plis toujou. Yo t'ap vin pi
fò. **21** Paske fanmchay yo te gen krentif pou Bondye,
Bondye te ba yo anpil pitit. **22** Lè sa a, farawon an bay
pèp la lòd sa a: -Se pou nou jete tout ti gason ki fèt lakay
moun ebre yo nan gwo larivyè a. Men, kite tout ti fi yo viv.

2 Yon nonm nan branch fanmi Levi a te marye ak yon fi
nan menm branch fanmi an. **2** Madanm li vin ansent, li
fè yon pitit gason. Lè li wè jan ti pitit la te bèl, li kache l'
pandan twa mwa. **3** Men, li pa t' kapab kache l' pi lontan
pase sa. Se konsa, li pran yon panyen jon, li badijonnen l'
byen badijonnen ak goudwon ansanm ak gonm bwapen.
Li mete ti pitit la ladan l'. Lèfini, li mete panyen an ak tout
pitit la ladan l' nan mitan yon touf wozo, sou bò gwo larivyè
a. **4** Sè ti pitit la menm te rete kanpe yon ti distans pou l'
wè sak tapral rive pitit la. **5** Pitit fi farawon an desann bò
gwo larivyè a pou l' al benyen. Medam ki te avè l' yo t'ap
mache bò larivyè a. Fi farawon an wè panyen an nan
mitan touf wozo yo. Li voye sèvant li a al pran l'. **6** Li
louvri panyen an, li wè ti pitit la: se te yon ti gason ki t'ap
kriye. Kè l' fè l' mal pou li. Li di: -Se yonn nan timoun
ebre yo. **7** Lè sa a, sè ti gason an pwoche, li di pitit fi
farawon an: -Eske ou vle m al chache yon nouris pou ou
nan mitan medam ebre yo pou bay ti pitit la tete pou ou?
8 Fi Farawon an di li: -Ale non. Ti fi a al chache manman ti
pitit la. **9** Fi farawon an di manman an konsa: -Pran ti pitit
sa a, mete l' nan tete pou mwen. m'a peye ou pou sa.
Madanm lan pran ti pitit la, li ba l' tete. **10** Lè ti gason an
vin gran ti bway, li mennen l' bay fi farawon an ki adopte l'
pou pitit li. Lè sa a, fi farawon an di: -Se nan dlo mwen
wete l'. Se konsa, li rele l' Moyiz. **11** Lè sa a, Moyiz te fin
grandi. Yon jou, li soti pou l' al vizite moun pèp Izrayèl
parèy li yo. Li wè jan yo t'ap fè yo travay di. Li wè yon
moun peyi Lejip ki t'ap bimen yon ebre anba kou, yonn
nan moun parèy li yo. **12** Li voye je l' adwat, li voye je l'
agoch, li pa wè pesonn. Li touye moun pèyi Lejip la, li
fouye yon twou nan sab la, li kache kadav la. **13** Nan
denmen, li soti ankò, li wè de ebre ki t'ap goumen. Li di sa
ki te antò a: -Poukisa w'ap maltrete moun menm ras ak
ou konsa? **14** Men, nonm lan reponn li: -Kilès ki mete ou
chèf pou kòmande nou? Gen lè ou vle touye m' menm jan
ou te touye moun peyi Lejip la? Moyiz vin pè, li di nan kè
l': -Aa! Gen moun ki konnen sa m' te fè a! **15** Farawon an
pran nouvèl sak te pase. Li t'ap chache Moyiz pou touye
l'. Men Moyiz chape kò l' anba men l', l' al rete nan peyi
Madyan. Rive la, li chita bò yon pi. **16** Prèt peyi Madyan
an te gen sèt pitit fi. Yo te vin tire dlo pou plen ganmèl
yo pou bay mouton papa yo bwè. **17** Men, kèk lòt gadò
mouton vin rive, yo kouri dèyè medam yo. Moyiz leve, li
pran defans yo, epi li bay mouton medam yo bwè. **18** Lè
medam yo tounen lakay Reouyèl, papa yo, li mande yo: -
Ki jan nou fè tounen vit konsa jòdi a? **19** Yo reponn li: -Se
yon moun peyi Lejip ki te delivre nou anba men gadò
mouton yo. Apre sa, se li menm ankò ki tire dlo pou nou
bay bèt yo bwè. **20** Reouyèl mande pitit fi li yo: -Kote
msye? Poukisa nou kite l' laba a? Al rele l' pou l' vin pran
kichòy ak nou. **21** Moyiz te dakò pou l' te rete lakay nonm
sa a. Reouyèl bay Moyiz Sefora, yonn nan pitit fi li yo, pou
madanm. **22** Sefora fè yon ti gason. Lè sa a, Moyiz di: -
Se moun vini mwen ye nan yon peyi etranje. Se konsa, li
te rele pitit la Gèchon. **23** Lontan apre sa, wa Lejip la
mouri. Pèp Izrayèl la t'ap plenn pi rèd anba esklavaj. Yo
t'ap rele gras mizèrikòd. Bondye te tande jan yo t'ap rele,
jan yo t'ap plenn anba esklavaj la. **24** Bondye tande rèl
yo, li vin chonje kontra li te pase ak Abraram ak Izarak epi
ak Jakòb. **25** Bondye te wè nan ki sitiyasyon moun pèp
Izrayèl yo ye, li pran kòz yo nan men l'.

3 Moyiz t'ap gade mouton ak kabrit Jetwo, bòpè li, ki
te yon prèt nan peyi Madyan. Moyiz mennen bèt yo
lòt bò dezè a. Li rive sou mòn Orèb, mòn Bondye a. **2**
Zanj Seyè a parèt devan l' sou fòm yon flanm dife nan

mitan yon ti touf bwa. Moyiz gade, li wè touf bwa a te tou
wouj ak dife, men li pa t'ap boule. 3 Lè sa a, Moyiz di
nan kè l': -Kite m' pwoche pi pre pou m' wè bagay dwòl
sa a. Kouman touf bwa a fè pa boule? 4 Lè Seyè a wè
Moyiz t'ap pwoche pou l' gade, li rete nan mitan touf bwa
a, li rele l', li di: -Moyiz! Moyiz! Moyiz reponn: -Men mwen
wi. 5 Bondye di: -Rete kote ou ye a. Pa pwoche. Wete
sapat nan pye ou, paske kote ou kanpe a se yon tè ki apa
pou mwen. 6 Bondye di ankò: -Se mwen menm, Bondye
zansèt ou yo, Bondye Abraram lan, Bondye Izarak la ak
Bondye Jakòb la. Moyiz bouche figi l', paske li te pè gade
Bondye. 7 Seyè a di: -Mwen wè tray pèp mwen an ap
pase nan peyi Lejip. Mwen tande jan y'ap rele anba men
moun k'ap peze yo. Wi, mwen konnen jan y'ap soufri.
8 Mwen desann pou m' vin delivre yo anba men moun
peyi Lejip yo, pou m' fè yo soti nan peyi Lejip la, pou m'
mennen yo nan yon gwo peyi ki gen bon tè, yon peyi kote
lèt ak siwo myèl koule tankou dlo. Se la moun Kanaran yo
rete ansanm ak moun Et yo, moun Amori yo, moun Ferezi
yo, moun Evi yo ak moun Jebis yo. 9 Bondye di ankò: -
Koulye a menm, rèl pitit Izrayèl yo rive jouk nan zòrèy
mwen. Mwen wè jan y'ap soufri anba moun peyi Lejip yo
k'ap peze yo. 10 Koulye a, ale! Se mwen menm k'ap voye
ou bò kote farawon an. Fè pèp mwen an soti nan peyi
Lejip. Wi, fè pèp Izrayèl la soti kite peyi sa a. 11 Moyiz
di Bondye: -Ki moun mwen ye menm pou m' ta penmèt
mwen ale bò kot farawon an pou m' fè pèp Izrayèl la soti
kite peyi Lejip? 12 Bondye di l': -M'ap kanpe la avè ou.
Lèfini, pou fè konnen se mwen menm ki voye ou, men sa
w'a fè: lè w'a fin fè pèp la soti kite peyi Lejip, n'a sèvi m'
sou mòn sa a. 13 Moyiz di Bondye konsa: -Bon. Koulye a,
mwen pral bò kote pèp Izrayèl la, mwen pral di yo: Bondye
zansèt nou yo voye m' kote nou. Ou mèt sèten yo pral
mande m': Ki jan li rele? Lè sa a, kisa pou m' reponn yo?
14 Bondye di Moyiz: -Sa m' ye a se sa m' ye. Apre sa li di
ankò: -W'a pale ak moun pèp Izrayèl yo, w'a di yo konsa:
Mwen menm ki rele sa m' ye a, se mwen menm ki voye
ou bò kote yo. 15 Bondye di Moyiz ankò: -Men sa pou
di moun pèp Izrayèl yo. Seyè a, Bondye zansèt nou yo,
Bondye Abraram lan, Bondye Izarak la, Bondye Jakòb la,
voye m' bò kote nou. Wi, se konsa mwen rele. Se konsa
y'ap toujou rele m' sou latè de tit an tit. 16 Ale non. Reyini
tout chèf fanmi pèp Izrayèl la, di yo: Seyè a, Bondye
zansèt nou yo, Bondye Abraram lan, Bondye Izarak la,
Bondye Jakòb la, te parèt devan mwen. Li mande m' pou
m' di nou pou li: Mwen vin vizite nou, mwen wè sa moun
peyi Lejip yo ap fè nou pase. 17 Se poutèt sa mwen di:
M'ap fè nou soti kite peyi Lejip kote y'ap maltrete nou an.
M'ap mennen nou nan peyi moun Kanaran yo, moun Et
yo, moun Amori yo, moun Ferezi yo, moun Evi ak moun
Jebis yo. Se yon peyi kote lèt ak siwo myèl koule tankou
dlo. 18 Chèf fanmi yo va koute sa ou gen pou di yo. Apre
sa, wava ale bò kote wa Lejip la ansanm ak chèf fanmi
pèp Izrayèl yo, n'a di wa a: Seyè a, Bondye ebre yo, te
parèt devan nou. Kite n al fe yon ti vwayaj nan dezè a. Lè
n'a fin mache pandan twa jou, n'a rete pou n' touye bèt
n'ap ofri bay Seyè a, Bondye nou an. 19 Mwen konnen
wa peyi Lejip la p'ap kite nou ale, si yo pa fòse l'. 20 Se
poutèt sa, m'ap lonje men m', m'ap frape peyi Lejip. M'ap
fè tout kalite mirak nan peyi a. Apre sa, l'a kite nou ale. 21
m'a fè mèvèy jouk tan moun peyi Lejip yo va aji byen ak
pèp mwen an. Konsa, lè n'a pare pou nou pati kite yo,
nou p'ap soti san anyen nan men nou. 22 Chak fanm va
mande vwazin li pou yo ba li rad ak bijou an ajan ak bijou
an lò. L'a fè menm bagay la ak fanm pèyi Lejip ki rete
lakay li yo. Lèfini, n'a mete yo sou pitit gason ak pitit fi nou
yo. Konsa, n'a pran tou sa moun peyi Lejip yo genyen.

4 Moyiz reponn li: -Men, moun yo ka refize kwè m', yo
ka pa koute sa m' gen pou m' di yo a. Yo ka di m' se
pa vre, Seyè a pa t' kras parèt devan mwen. 2 Seyè a
mande l': -Kisa ou gen nan men ou la a? Moyiz reponn li:
-Yon baton. 3 Seyè a di l': -Jete l' atè. Moyiz jete baton
an atè. Baton an tounen yon koulèv. Lè Moyiz wè sa, li
pran kouri. 4 Seyè a di Moyiz: -Lonje men ou, bese pran
koulèv la nan ke. Moyiz lonje men l', li pran koulèv la
nan ke. Lamenm, koulèv la tounen baton ankò nan men
Moyiz. 5 Seyè a di: -Men sa w'a fè pou yo ka kwè Seyè a,
Bondye zansèt yo, Bondye Abraram lan, Bondye Izarak
la, Bondye Jakòb la, te parèt devan ou. 6 Seyè a di l'
ankò: -Foure men ou anndan chemiz ou, sou lestonmak
ou. Moyiz foure men li anndan chemiz li, sou lestonmak li.
Lè li wete men l', men l' te vin tou blan ak bouton. Li te
kouvri ak lalèp. 7 Seyè a di l': -Foure men ou anndan
chemiz ou ankò, sou lestonmak ou. Moyiz foure men li
anndan chemiz li ankò. Lè li wete l', men li te menm koulè
ak rès kò li. 8 Seyè a di Moyiz: -Si apre ou fin fè premye
mirak la, ou wè yo pa vle kwè ou, yo pa vle koute ou, y'a
kwè ou lè w'a fè dezyèm mirak sa a. 9 Si apre ou fè de
mirak sa yo, y'ap fè tèt di toujou, yo pa vle kwè ou toujou,
yo pa vle koute sa w'ap di yo, w'a pran ti gout dlo nan
gwo larivyè a, w'a vide l' atè. Lamenm, dlo a va tounen
san. 10 Moyiz di Seyè a: -Eskize m' wi, Seyè. Men, mwen
pa ka pale fasil. Se pa bagay jòdi a non. Menm koulye a,
depi w'ap pale ak sèvitè ou la, anyen pa chanje. Bouch
mwen lou, lang mwen mare. 11 Seyè a di l': -Kilès ki bay
moun bouch pou yo pale? Kilès ki fè moun sa a bèbè,
moun sa a soudè? Kilès ki fè moun sa a wè, moun sa a
avèg? Eske se pa mwen menm, Seyè a? 12 Bon, ou mèt
ale. m'a ede ou lè ou gen pou ou pale, m'a moutre ou sa
ou gen pou di. 13 Moyiz di: -Eskize m' wi, Seyè! Men,
poukisa ou pa voye yon lòt moun pito? 14 Lè sa a, Seyè
a move sou Moyiz, li di l' konsa: -Gen Arawon, frè ou la, ki
soti nan branch fanmi Levi a. Mwen konnen lang msye pa
mare nan bouch li. Men koulye a, li gen tan nan wout ap
vin jwenn ou. L'a kontan anpil lè l'a wè ou. 15 W'a pale
avè l', w'a di l' sa pou l' di. m'a ede nou tou de lè n'a gen
pou nou pale. m'a di nou sa pou nou fè. 16 L'a pale ak
pèp la pou ou. Se tankou si se te ou menm ki t'ap pale.
Ou menm, w'a tankou Bondye k'ap di li sa pou li di. 17
Kanta baton sa a, toujou kenbe l' nan men ou. Se avèk li

w'a fè tout mirak ou gen pou fè yo. 18 Moyiz kite kote l' te
ye a, li tounen lakay Jetwo, bòpè li. Li di li: -Tanpri, kite m'
ale. Mwen pral jwenn frè mwen yo nan pèyi Lejip. Mwen
pral wè si yo la toujou. Jetwo di Moyiz: -Ale ak kè poze.
19 Antan Moyiz nan peyi Madyan, Seyè a di l': -Koulye a,
tounen nan peyi Lejip, paske tout moun ki t'ap chache
touye ou yo fin mouri. 20 Moyiz pran madanm li ak pitit
gason l' yo, li mete yo sou bourik, epi li tounen nan peyi
Lejip. Moyiz te gen baton Bondye a nan men l'. 21 Seyè a
di Moyiz konsa: -Koulye a, ou wè w'ap tounen nan peyi
Lejip. Gade byen. Se pou ou fè devan farawon an tout
mirak mwen ba ou pouvwa fè yo. Mwen menm, m'ap fè l'
kenbe tèt avèk ou, li p'ap vle kite pèp la ale. 22 W'a di
farawon an: Men sa Seyè a di: Izrayèl se pitit mwen, se
premye pitit mwen. 23 Mwen di ou kite pitit mwen an ale
fè wout li pou l' ka fè yon sèvis pou mwen. Si ou refize
kite l' ale, mwen menm m'ap touye premye pitit gason ou
lan. 24 Pandan vwayaj la, Moyiz rete pase lannwit yon
kote. Seyè a vin atake Moyiz. Li t'ap chache touye l'. 25
Sefora pran yon moso ròch byen file, li koupe pwent po ti
kòk pitit gason l' lan, li voye l' jete nan pye Moyiz. Epi li di:
-Se yon mari san ou ye pou mwen. 26 Apre sa, Seyè a
kite Moyiz. Lè sa a, se poutèt sikonsizyon an Sefora te di
ou se yon mari san pou mwen. 27 Seyè a di Arawon: -Ale
kontre Moyiz nan dezè a. Arawon pati, li kontre Moyiz
sou mòn Bondye a. Li pase bra l' nan kou l'. 28 Moyiz
di Arawon tou sa Seyè a te di l' anvan li te voye l' la. Li
fè l' konnen tout mirak Seyè a te ba li lòd fè. 29 Moyiz
ak Arawon pati ansanm, yo sanble tout chèf fanmi pèp
Izrayèl la. 30 Arawon di yo tou sa Seyè a te di Moyiz.
Moyiz menm fè tout mirak yo devan tout pèp la. 31 Pèp la
vin kwè yo. Lè yo tande Seyè a te vin vizite yo, li te wè
mizè y'ap pase a, yo tonbe ajenou, yo bese tèt yo jouk atè
pou adore Bondye.

5 Apre sa, Moyiz ak Arawon ale bò kote farawon an.
Yo di l' konsa: -Men sa Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la,
voye di ou: Kite pèp mwen an ale pou yo ka fè yon fèt pou
mwen nan dezè a. 2 Farawon an reponn: -Kilès ki Seyè
a pou m' ta swiv lòd li, pou m' kite pèp Izrayèl la ale?
Mwen pa konnen Seyè sa a. Mwen p'ap kite pèp Izrayèl
la al ankenn kote. 3 Moyiz ak Arawon di l': -Bondye ebre
yo te parèt devan nou. Tanpri, kite n al fè yon ti vwayaj
nan dezè a. Lè n'a fin mache pandan twa jou, n'a rete
pou n' touye bèt n'ap ofri bay Seyè a, Bondye nou an. Si
nou pa fè sa, l'a voye move maladi sou nou, osinon l'a fè
nou mouri nan lagè. 4 Wa Lejip la di Moyiz ak Arawon: -
Poukisa nou vle fè pèp la kite travay li? Tounen nan travay
nou! 5 Farawon an di ankò: -Gade. Nou wè jan pèp sa a
vin pi plis pase moun peyi a. Koulye a atò, nou ta vle pou
yo kite travay yo? 6 Menm jou sa a, farawon an rele moun
peyi Lejip ki te chèf kòve yo ansanm ak moun pèp Izrayèl
ki te fòmann yo, li ba yo lòd sa a: 7 -Pa janm bay moun
sa yo pay ankò pou yo fè brik, jan nou te konn fè l' la. Se
yo menm ki pou al ranmase pay yo bezwen. 8 Men, se
pou yo founi menm valè brik yo te konn bay anvan an,
san manke yonn. Se yon bann parese yo ye. Se poutèt sa
y'ap kriye, y'ap di: O wi, ann al ofri bèt pou nou touye bay
Bondye nou an. 9 Fè yo travay pi rèd. Pa kite yo poze
menm. Konsa yo p'ap gen tan pou yo koute tout radòt
moun ap vin di yo. 10 Chèf kòve yo ak fòmann yo vin di
pèp la: -Men sa farawon an voye di nou: Li p'ap ban nou
pay ankò. 11 Se nou menm ki pou al ranmase pay kote
nou ka jwenn. Men, se toujou menm valè brik la pou nou
bay. 12 Se konsa, pèp la gaye toupatou nan peyi Lejip
ap chache zèb pou fè pay. 13 Chèf kòve yo te dèyè yo
tout tan, yo t'ap di yo: -Se pou nou fè menm valè brik
chak jou menm jan ak lè yo te konn ban nou pay la. 14
Chèf kòve farawon yo te mete kèk moun pèp Izrayèl pou
sèvi fòmann. Ata fòmann sa yo te anba makak tou. Chèf
kòve yo t'ap mande yo: -Poukisa ni ayè ni jòdi a, nou pa
t' bay menm valè brik nou te konn fè anvan an? 15 Lè
sa a, fòmann yo ki te menm ras ak moun pèp Izrayèl yo
t al plenyen bay farawon an. Yo di l': -Monwa, poukisa
ou fè moun k'ap sèvi ou yo sa? 16 Yo pa ban nou pay
ankò. Atousa, se tout tan y'ap mande nou pou nou fè brik.
Lèfini, yo mete nou anba makak. Men, se moun pa ou
yo ki antò wi, monwa. 17 Farawon an reponn yo: -Se
yon bann parese nou ye. Se poutèt sa n'ap di: O wi, kite
n al ofri bèt pou nou touye bay Seyè a. 18 Al nan pye
travay nou, tande! Yo p'ap ban nou pay ankò. Degaje
nou bay menm kantite brik la. 19 Fòmann yo ki te menm
ras ak moun pèp Izrayèl yo vin wè yo te nan yon move
sitiyasyon lè yo mande yo pou yo fè menm valè brik yo te
konn fè a chak jou, san manke yonn. 20 Antan y'ap soti
kay farawon an, yo kontre Moyiz ak Arawon ki t'ap tann
yo. 21 Yo di yo: -Se pou Seyè a wè sa nou fè la a. Se pou
l' pini nou. Paske se nou menm ki lakòz ni farawon an ni
moun k'ap sèvi l' yo pa vle wè pèp Izrayèl la. Nou mete
yon nepe nan men yo pou yo fini ak pèp la. 22 Lè sa a,
Moyiz tounen al jwenn Seyè a ankò, li di l': -Seyè, poukisa
w'ap maltrete pèp la konsa? Poukisa ou te voye m'? 23
Depi menm lè mwen t al bò kote farawon an pou m' pale
avè l' pou ou a, se maltrete l'ap maltrete pèp ou a. Epi ou
pa fè anyen pou delivre pèp la.

6 Seyè a di Moyiz konsa: -Se koulye a ou pral wè sa
m' pral fè farawon an. Mwen pral fè l' santi fòs ponyèt
mwen. Vle pa vle, l'ap kite yo ale. Wi, m'ap fòse l' sitèlman,
se mete l'ap mete yo deyò nan peyi l' a. 2 Bondye pale ak
Moyiz, li di l': -Se mwen menm ki Seyè a. 3 Mwen te fè
Abraram, Izarak ak Jakòb konnen m' sou non Bondye
ki gen tout pouvwa a. Mwen pa t' fè yo konnen m' sou
lòt non mwen an, ki vle di: Seyè a. 4 Mwen te pase yon
kontra ak yo, mwen te pwomèt pou m' te ba yo peyi
Kanaran an, peyi kote yo te viv tankou etranje a. 5 Koulye
a, mwen tande jan pèp Izrayèl la ap plenn. Moun peyi
Lejip yo fè yo tounen esklav. Mwen vin chonje kontra
mwen te pase ak yo a. 6 Men sa ou pral di moun pèp
Izrayèl yo: Se mwen menm menm ki Seyè a. M'ap ban

nou libète nou, m'ap wete nou nan travay di moun peyi
Lejip yo ap fòse nou fè a. M'ap delivre nou anba esklavaj
kote yo mete nou an. M'ap lonje bra m' pou m' delivre
nou, pou pini moun peyi Lejip yo byen pini. 7 M'ap adopte
nou pou pèp mwen, mwen menm m'a Bondye nou. N'a
konnen se mwen menm Seyè a, Bondye nou an, ki ban
nou libète nou, ki wete nou nan travay di moun peyi Lejip
yo ap fòse nou fè a. 8 Apre sa, m'ap mennen nou tounen
nan peyi mwen te sèmante m'ap bay Abraram, Izarak ak
Jakòb la. Se mwen menm Seyè a k'ap ban nou peyi sa a
pou l' rele nou chèmèt. 9 Moyiz di pèp Izrayèl la sa, men
yo pa t' vle kwè l', paske yo te about. Esklavaj la te peze
lou sou yo. 10 Lè sa a, Seyè a di Moyiz konsa: 11 -Ale bò
kote farawon an, wa Lejip la. Di l' konsa pou l' kite pèp
Izrayèl la soti kite peyi l' la. 12 Men, Moyiz di Seyè a: -Ata
pèp Izrayèl la pa t' koute m', atò se farawon an ki ta koute
m'? Mwen tou pa konn pale. 13 Seyè a pale ak Moyiz
ansanm ak Arawon. Li ba yo lòd pale ak pèp Izrayèl la
ansanm ak farawon an, wa Lejip la, pou fè yo konnen
yo tou de te resevwa lòd fè pèp Izrayèl la soti kite peyi
Lejip. 14 Men non chèf fanmi pèp Izrayèl yo: Woubenn,
premye pitit Izrayèl la. Se li ki papa Enòk, Palou, Ezwon
ak Kami. Se tout fanmi Woubenn lan sa. 15 Apre li vin
Simeyon. Men non pitit Simeyon yo: Jemwèl, Jamen,
Arad, Jaken, Taoska ak Sayil, yon pitit li te fè ak yon fanm
moun peyi Kanaran. Se tout fanmi Simeyon yo sa. 16
Apre li vin Levi. Men non pitit Levi yo ak tout pitit yo:
Gèchon, Keyat ak Merari. Levi te viv santrannsetan (137
an). 17 Men pitit Gèchon yo ak tout fanmi yo: Libni ak
Chimeyi. 18 Men pitit Keyat yo: Amram, Jizeya, Ebwon ak
Ouzyèl. Keyat te viv antou santranntwazan (133 an). 19
Men pitit Merari yo: Makli ak Mouchi. Se tout branch fanmi
Levi yo sa ansanm ak pitit yo. 20 Amram te marye ak
Jokebèd, ki matant li bò papa. Jokebèd te fè Arawon ak
Moyiz pou li. Amram te viv antou santrannsetan (137 an).
21 Men pitit Jizeya yo: Kore, Nefèg ak Zikri. 22 Men pitit
Ouzyèl yo: Mikayèl, Elsafan ak Sitri. 23 Arawon te marye
ak Elicheba, pitit fi Aminadab, sè Nakchon. Elicheba te fè
Nadab, Abiyou, Eleaza ak ltama pou Arawon. 24 Men non
pitit Kore yo: Asi, Elkana ak Abyazaf. Se tout fanmi Kore
yo sa. 25 Eleaza, pitit Arawon an, te marye ak yonn nan
pitit fi Poutyèl yo, ki te fè Fineas pou li. Men non tout chèf
fanmi Levi yo ak tout moun pa yo. 26 Se menm Arawon
sa a ansanm ak Moyiz Seyè a te di: Fè pitit Izrayèl yo soti
kite peyi Lejip la, gwoup pa gwoup. 27 Se yo menm tou ki
t al di farawon an, wa Lejip la, pou l' fè pèp Izrayèl la soti
kite Lejip. Wi, se Arawon sa a avèk Moyiz sa a ki te fè tou
sa. 28 Lè Seyè a te pale ak Moyiz nan peyi Lejip la, men
sa li te di l': 29 -Se mwen menm ki Seyè a! Tou sa mwen
di ou la a, se pou ou rapòte l' bay farawon an, wa Lejip la.
30 Men Moyiz koupe pawòl nan bouch Seyè a, li di l': -
Pawòl pa vin nan bouch mwen fasil. Ou kwè farawon an
pral chita tande m'?

7 Seyè a di Moyiz konsa: -Gade! Mwen pral fè ou tounen
Bondye pou farawon an. Arawon, frè ou la, pral pale
avè l' pou ou tankou yon pwofèt. 2 W'a di Arawon tou sa
mwen te ba ou lòd di. Li menm, l'a repete l' bay farawon
an pou farawon an voye pitit Izrayèl yo pati kite peyi a. 3
Mwen menm menm, m'ap fè farawon an fè tèt di. Konsa,
m'a fè plis mirak ak plis mèvèy toujou nan peyi Lejip la. 4
Farawon an p'ap koute nou. Lè sa a, m'a frape peyi Lejip
la. m'a pini l' byen pini. m'a pran pitit Izrayèl yo, sòlda
mwen yo, pèp mwen an, m'ap fè yo soti kite peyi Lejip. 5
Lè m'a frape peyi Lejip, lè m'a fè pitit Izrayèl yo soti nan
mitan yo, moun peyi Lejip yo va konnen se mwen menm
menm ki Seyè a vre. 6 Moyiz ak Arawon te fè tou sa Seyè
a te ba yo lòd fè. Wi, yo fè tou sa li te di yo fè a. 7 Moyiz
te gen katrevenzan, Arawon te gen katreventwazan lè yo
t al pale ak farawon an. 8 Seyè a di Moyiz ak Arawon
konsa: 9 -Si farawon an mande nou fè yon mirak pou
moutre ki moun nou ye, ou menm Moyiz w'a di Arawon
pran baton l' lan, voye l' atè devan farawon an. Baton an
va tounen yon koulèv. 10 Moyiz ak Arawon al bò kote
farawon an. Yo fè sa Seyè a te ba yo lòd fè a. Arawon
voye baton l' lan devan farawon an ak devan tout moun
farawon yo. Baton an tounen yon koulèv. 11 Men farawon
an rele nèg save l' yo ak divinò l' yo. Yo menm tou, avèk
maji yo, yo te rive fè menm bagay la tou. 12 Yo voye
baton pa yo atè, baton yo tounen koulèv tou. Men, baton
Arawon an vale tout lòt baton yo. 13 Farawon an t'ap fè
tèt di toujou. Li pa t' vle koute Moyiz ak Arawon, tankou
Seyè a te di a. 14 Seyè a di Moyiz konsa: -Farawon an ap
fè tèt di toujou. Li pa vle kite pèp la ale. 15 Ale bò kote
farawon an denmen maten, lè li pral soti pou l' al bò gwo
larivyè Nil la. Al tann li bò larivyè a. Baton ki te tounen
koulèv la, w'a kenbe l' nan men ou. 16 W'a di farawon an:
Seyè a, Bondye ebre yo, te voye m' di ou konsa kite pèp li
a ale pou yo ka fè yon sèvis pou li nan dezè a. Men, jouk
koulye a ou pa vle koute l'. 17 Jòdi a, men sa Seyè a di:
mwen pral fè ou konnen se mwen menm ki Seyè a. Mwen
pral frape dlo gwo larivyè a avèk baton ki nan men m'
lan, dlo a pral tounen san. 18 Tout pwason yo pral mouri,
dlo a pral santi move, moun peyi Lejip yo p'ap ka bwè
dlo ladan li ankò. 19 Seyè a di Moyiz ankò: -Di Arawon
pran baton l' lan, lonje l' sou tout dlo ki nan peyi Lejip la:
larivyè, kannal, letan, m'a dlo, wi, sou tout dlo ki genyen.
Dlo yo va tounen san. Konsa va gen san sou tout peyi
a, menm nan ganmèl yo ak nan kannari yo. 20 Moyiz
ak Arawon fè sa Seyè a te ba yo lòd fè a. Arawon leve
baton l' lan, li frape dlo gwo larivyè a devan farawon an
ak devan tout moun farawon yo. Tout dlo gwo larivyè a
tounen san. 21 Tout pwason nan larivyè a mouri. Dlo a vin
santi move. Moun peyi Lejip yo pa t' kapab pran dlo ladan
l' pou yo bwè ankò. Te gen san toupatou nan peyi a. 22
Men, majisyen peyi Lejip yo te rive fè menm bagay la tou
avèk maji yo. Farawon an menm t'ap fè tèt di pi rèd. Li
pa koute Moyiz ak Arawon, tankou Seyè a te di a. 23
Farawon an vire do ba yo, l' al lakay li tankou si anyen pa
t' rive. 24 Moun peyi Lejip yo pran fouye twou sou bò gwo
larivyè a pou yo te ka jwenn dlo pròp pou yo bwè, paske

yo pa t' kapab bwè dlo gwo larivyè a. 25 Apre Seyè a te
fin frape gwo larivyè a, li kite sèt jou pase.

8 Apre sa, Seyè a di Moyiz konsa: -Ale kote farawon
an. W'a di l': Men sa Seyè a di: Kite pèp mwen an ale
pou l' kapab fè sèvis pou mwen. 2 Koute byen. Si ou
derefize kite yo ale, mwen pral lage krapo sou tout peyi a
pou pini ou. 3 Gwo larivyè a pral plen krapo. Yo pral soti
nan larivyè a, y'ap anvayi toupatou, y'ap antre lakay ou,
anndan chanm ou, y'ap moute jouk nan kabann ou. Y'ap
antre lakay moun pa ou yo, lakay tout pèp ou a, nan fou
kote yo fè pen, nan ganmèl kote yo pare pat. 4 Y'ap vole
sou ou, sou pèp ou a, sou tout moun pa ou yo. 5 Seyè a
di Moyiz: -Di Arawon lonje men li avèk baton l' lan sou
larivyè yo, sou kannal yo ak sou m'a dlo yo. Fè krapo
moute kouvri peyi Lejip la. 6 Arawon lonje men l' sou tout
dlo nan peyi Lejip la. Epi krapo moute kouvri tout peyi
a. 7 Men majisyen peyi Lejip yo, avèk maji yo, te rive fè
menm bagay la tou. Yo fè krapo moute vin sou peyi Lejip
la. 8 Farawon an rele Moyiz ak Arawon, li di yo: -Lapriyè
Seyè a, mande l' pou l' chase krapo sa yo soti sou mwen
ak sou pèp mwen an. Apre sa, m'a kite pèp ou a ale pou
yo ka touye bèt y'ap ofri bay Seyè a. 9 Lè sa a Moyiz di
farawon an: -Se ou menm, farawon, ki konnen kilè ou
vle pou m' lapriyè Seyè a pou ou, pou moun pa ou yo
ansanm ak pèp ou a. Wi, se ou ki pou di m' kilè ou vle
pou Seyè a wete krapo sa yo lakay ou ak nan kay pèp ou
a, pou yo rete nan larivyè a ase. 10 Farawon an reponn: -
W'a fè sa denmen. Moyiz di li: -Sa va pase jan ou di l' la,
pou ou sa konnen pa gen Bondye tankou Seyè a, Bondye
nou an. 11 Krapo yo pral soti lakay ou, y'a wete kò yo
sou ou, sou moun pa ou yo ak sou pèp ou a. Se nan
gwo larivyè a ase va gen krapo. 12 Moyiz ak Arawon soti
lakay farawon an. Moyiz lapriyè Seyè a ak tout kè l' pou
krapo li te voye sou farawon yo. 13 Seyè a fè sa Moyiz te
mande l' la: krapo yo mouri toupatou, nan kay, nan lakou,
nan jaden. 14 Moun peyi Lejip yo ranmase yo fè gwo pil.
Toupatou nan peyi a te santi move ak krapo mouri yo. 15
Lè farawon an wè yo te ba l' yon souf, li konmanse fè tèt
di ankò. Li pa koute Moyiz ak Arawon, tankou Seyè a te di
a. 16 Seyè a di Moyiz konsa: -Di Arawon lonje baton l'
lan, frape pousyè tè a. Pousyè a va tounen vèmin nan
tout peyi Lejip la. 17 Moyiz ak Arawon fè sa vre. Arawon
lonje men li avèk baton an, li frape pousyè tè a. Pousyè a
tounen vèmin sou tout moun ak sou tout bèt. Tout pousyè
tè a tounen vèmin nan tout peyi Lejip la. 18 Majisyen yo
vin ankò ak maji yo pou yo te fè menm bagay la tou. Men,
fwa sa a, yo pa t' kapab. vèmin yo te sou tout moun ak
sou tout bèt. 19 Majisyen yo di farawon an: -Sa se travay
Bondye. Men farawon an t'ap fè tèt di toujou. Li pa t' vle
koute Moyiz ak Arawon, tankou Seyè a te di a. 20 Seyè a
di Moyiz ankò: -Leve granmaten, ale jwenn farawon an
lè li pral larivyè a. W'a di l': men sa Seyè a di: Kite pèp
mwen an ale, pou yo ka fè sèvis pou mwen. 21 Si ou pa
kite pèp mwen an ale, mwen pral voye mouchavè sou ou,
sou moun pa ou yo, sou tout pèp ou a ak nan tout kay
yo. Mouchavè pral plen kay moun peyi Lejip yo, yo pral
kouvri tout peyi a. 22 Men jou sa a, m'a fè yon bagay pou
peyi Gochenn kote pèp mwen an rete a. p'ap gen yon
mouchavè la. Konsa, w'a konnen se mwen menm, Seyè
a, k'ap travay nan peyi a. 23 m'a veye pou sa k'ap rive
pèp ou a pa rive pèp mwen an. Se denmen mwen pral
fè mèvèy sa a. 24 Seyè a fè sa vre jan l' te di l' la: yon
kantite mouchavè desann sou kay farawon an, sou kay
moun pa l' yo ak sou tout peyi a. Mouchavè t'ap devaste
tout peyi Lejip la. 25 Lè sa a, farawon an fè rele Moyiz
ak Arawon, li di yo: -Nou mèt al ofri bèt pou touye pou
Bondye nou an, men n'ap fè l' isit la nan peyi a. 26 Moyiz
reponn li: -Li p'ap bon pou nou fè l' konsa, paske moun
peyi Lejip yo ka ofiske lè y'a wè ki kalite bèt nou touye
pou ofri bay Seyè a, Bondye nou an. Si nou ofri bagay sa
yo devan moun peyi Lejip yo, y'a ka touye nou ak kout
ròch. 27 Se pou nou mache twa jou nan dezè a. Se la
n'a touye bèt n'ap ofri bay Seyè a, Bondye nou an, jan li
te di nou an. 28 Farawon an di li: -Bon! M'ap kite nou
al touye bèt n'ap ofri bay Seyè a, Bondye nou an, nan
dezè a, men se pa pou nou al twò lwen. Lèfini, lapriyè
pou mwen tou. 29 Moyiz di l' konsa: -Kou m' soti isit la,
mwen pral lapriyè Seyè a. Denmen mouchavè yo ap soti
sou ou ansanm ak sou moun pa ou yo ak sou tout pèp la.
Yo pral byen lwen. Men, piga ou twonpe nou ankò. Pa
refize kite pèp la al ofri bèt pou yo touye bay Seyè a. 30
Moyiz soti lakay farawon an, l' al lapriyè Seyè a. 31 Seyè
a fè sa Moyiz te mande l' la. Li fè mouchavè yo soti sou
farawon an, sou tout moun pa l' yo ansanm ak sou tout
pèp la. Li fè yo ale byen lwen. Pa yon mouchavè pa t'
rete. 32 Men, menm jou sa a, farawon an fè tèt di ankò, li
pa t' vle kite pèp la ale.

9 Seyè a di Moyiz konsa: -Ale bò kot farawon an, w'a di
l': Men sa Seyè a, Bondye pèp ebre a, voye di ou: Kite
pèp mwen an ale pou yo ka fè sèvis pou mwen. 2 Si ou
derefize kite yo ale, si ou kenbe yo toujou, men sak pral
rive: 3 M'ap leve men m' sou bèt ou gen nan jaden ou
yo: chwal, bourik, chamo, bèf, mouton, kabrit. Yon gwo
maladi pral tonbe sou yo. 4 Men m'a veye pou sa ki rive
bèt moun peyi Lejip yo pa rive bèt moun pèp Izrayèl yo,
pou ankenn bèt moun pèp Izrayèl yo pa mouri. 5 Seyè a
fikse jou pou l' fè bagay sa a. Li di se denmen l'ap fè sa
nan tout peyi a. 6 Nan denmen vre, Seyè a fè sa l' te di
li t'ap fè a: tout bèt moun peyi Lejip yo mouri. Men, pa
yonn nan bèt moun Izrayèl yo pa t' mouri. 7 Farawon an
voye pran nouvèl sak pase: li vin konnen pa t' gen yonn
nan bèt moun Izrayèl yo ki te mouri. Men, farawon an
t'ap fè tèt di toujou. Li pa t' vle kite pèp la ale. 8 Apre sa,
Seyè a di Moyiz ak Arawon: -Plen de men nou ak sann
dife. Se pou Moyiz voye sann lan jete anlè devan farawon
an. 9 Sann lan pral gaye tankou pousyè pou l' kouvri tout
peyi Lejip la. Toupatou li pral fè yon kantite bouton leve
sou tout moun ak sou tout bèt nan peyi a. Lèfini, bouton
yo ap pete, y'ap fè malenng. 10 Yo pran sann dife a, yo
parèt devan farawon an. Moyiz voye sann lan jete anlè.

Sann lan fè bouton leve sou tout moun ak sou tout bèt.
Epi bouton yo pete fè malenng. 11 Ata majisyen yo pa t'
kapab parèt devan Moyiz, paske yo te kouvri ak malenng
tou tankou tout moun peyi Lejip yo. 12 Men Seyè a te fè
farawon an fè tèt di pi rèd. Farawon an pa t' koute Moyiz
ak Arawon, tankou Seyè a te di Moyiz la. 13 Seyè a di
Moyiz konsa: -Leve granmaten, al parèt devan farawon
an. W'a di l': Men sa Seyè a, Bondye pèp ebre a, voye di
ou: Kite pèp mwen an ale pou yo ka al fè sèvis pou mwen.
14 Paske, fwa sa a, mwen pral voye tout kalite malè mwen
konn fè yo sou ou menm menm, sou moun pa ou yo ak
sou tout pèp ou a. Konsa, w'a konnen pa gen tankou m'
sou tout latè. 15 Si mwen te lonje men m' pou m' te lage
lanmò sou ou ansanm ak tout pèp ou a, nou tout nou te
disparèt nèt sou latè. 16 Men, mwen kite nou viv pou nou
kapab wè pouvwa mwen, pou moun ka nonmen non m'
sou tout latè. 17 Men w'ap pran pòz awogan ou avèk
pèp mwen an, ou pa vle kite yo ale. 18 Koute! Fwa sa a,
denmen mwen pral fè lagrèl tonbe tankou lapli, bagay
moun poko janm wè nan peyi Lejip, depi peyi a peyi jouk
jounen jòdi a. 19 Koulye a, bay lòd pou yo pran tout bèt
nou gen nan jaden ak tout lòt bagay nou gen deyò mete
yo anndan kay pou pwoteje yo. Paske, yon gwo lagrèl
pral tonbe sou tout moun ak sou tout bèt ki deyò. Yo pral
mouri. 20 Te gen kèk moun nan moun pa farawon yo ki te
pè lè yo tande sa Seyè a te di. Yo fè tout domestik yo
ansanm ak tout bèt yo antre anba kay. 21 Men, gen lòt ki
pa t' okipe sa Seyè a te di. Yo kite tout domestik yo ak
tout bèt yo deyò. 22 Seyè a di Moyiz konsa: -Leve men
ou anlè. Lagrèl pral tonbe sou tout peyi Lejip la, sou tout
moun ki deyò, sou tout bèt ak sou tout plant ki nan jaden.
23 Moyiz lonje baton l' lan anlè nan syèl la. Seyè a voye
loraj, lagrèl ak zèklè. Loraj la tonbe anpil kote. Wi, Seyè a
voye lagrèl sou tout peyi Lejip la. 24 Lagrèl t'ap tonbe,
zèklè t'ap fè yanyan nan syèl la. Se te pi gwo kout tan
ki te tonbe sou peyi a depi peyi a peyi. 25 Lagrèl tonbe
toupatou nan peyi Lejip la. Li tonbe sou tou sa ki te deyò,
sou tout moun ak sou tout bèt. Li tonbe sou tout plant
ki nan jaden, li kraze tout pyebwa. 26 Se sèl nan peyi
Gochenn lan lagrèl la pa t' tonbe. Se la moun pèp Izrayèl
yo te rete. 27 Farawon an fè rele Moyiz ak Arawon, li di yo
konsa: -Fwa sa a, mwen rekonèt tò mwen. Se Seyè a ki
gen rezon. Se mwen menm ak pèp mwen an ki antò. 28
Lapriyè Seyè a pou l' fè loraj la sispann, pou l' fè lagrèl la
rete. Mwen pwomèt pou m' kite nou ale. Nou pa bezwen
rete ankò. 29 Moyiz di l' konsa: -Soti m' soti lavil la, mwen
pral lapriyè nan pye Seyè a. Loraj la va sispann, p'ap gen
lagrèl ankò. Konsa w'a konnen tè a se pou Seyè a li ye.
30 Men mwen konnen ni ou menm, ni moun pa ou yo, nou
poko ap respekte Seyè a, Bondye a. 31 Tout pye koton
swa yo ak tout jaden lòj yo te boule. Lòj la te deja fè grap,
koton yo t'ap fleri. 32 Men ble ak pitimi pa t' gate, paske
yo toujou an reta sou lòt plant yo. 33 Moyiz soti lakay
farawon an, l' al andeyò lavil la. Li lapriyè nan pye Seyè a.
Loraj la sispann, lagrèl la rete. pa t' gen lapli ankò. 34
Lè farawon an wè lapli a, lagrèl la ak loraj la sispann, li
kontinye fè peche toujou. Li fè tèt di, li menm ansanm ak
tout moun pa l' yo. 35 Nan fè tèt di sa a, li pa t' kite moun
pèp Izrayèl yo ale, jan Seyè a te fè Moyiz al di l' la.

10 Seyè a di Moyiz ankò: -Ale bò kot farawon an. Se
mwen menm ki fè l' gen tèt di, li menm ansanm ak
moun pa l' yo, pou m' fè yo wè mèvèy mwen ka fè nan
mitan yo. 2 Konsa tou, n'a rakonte pitit nou yo ak pitit pitit
nou yo sa mwen te fè moun peyi Lejip yo pase ak kalite
mèvèy mwen te fè nan mitan yo. Lè sa a nou tout n'a
konnen se mwen menm menm ki Seyè a. 3 Se konsa
Moyiz ak Arawon ale bò kote farawon an. Yo di l': -Men sa
Seyè a, Bondye pèp ebre a, voye di ou: Kilè w'a aprann
soumèt tèt ou devan mwen? Kite pèp mwen an ale pou l'
ka fè yon sèvis pou mwen. 4 Si ou refize kite pèp mwen
an ale, men sa m' pral fè: Denmen, mwen pral voye krikèt
vèt sou tout peyi a. 5 Yo pral kouvri tout tè a, jouk moun
p'ap ka wè tè a ankò. Yo pral devore ti rès lagrèl te kite
pou nou an. y'a devore tout pyebwa ki nan jaden nou yo.
6 Y'ap anvayi tout kay ou yo, kay tout moun pa ou yo ak
kay tout moun nan peyi a. Se bagay granpapa nou yo
ak zansèt nou yo pa t' janm wè depi yo fèt jouk jounen
jòdi a. Apre sa, Moyiz vire do l', li soti kay farawon an. 7
Moun pa farawon yo vin di l': -Kilè nonm sa a va sispann
ban nou pwoblèm? Kite moun yo ale non. Kite yo al fè
sèvis pou Bondye yo a. Ou pa wè jan peyi Lejip la ap
fini! 8 Se konsa yo fè Moyiz ak Arawon tounen vin kote
farawon an. Farawon an di yo: -Nou mèt al fè sèvis pou
Seyè a, Bondye nou an. Kilès ki prale? 9 Moyiz reponn li:
-Nou prale ak tout timoun yo, ak tout granmoun yo, ak
tout pitit gason nou yo, ak tout pitit fi nou yo ansanm ak
bèf, mouton ak kabrit nou yo, paske se yon gwo sèvis pou
n' fè pou Seyè a. 10 Farawon an di yo: -Gade jan nou gen
move lide dèyè tèt nou! Mwen ta swete pou Seyè a ede
nou vre! Men, mwen p'ap kite nou ale ansanm ak timoun
yo. 11 Non. Sa p'ap pase konsa. Se nou menm gason yo
ase ki mèt ale pou fè sèvis pou Seyè a. Se pa sa nou te
mande? Lè l' fin di yo sa, li fè mete yo deyò lakay li. 12
Seyè a di Moyiz: -Lonje men ou sou peyi Lejip la pou fè
krikèt yo vini sou li. Y'ap vini, y'ap devore tout fèy bwa nan
peyi a. Wi, y'a devore tou sa lagrèl te kite. 13 Moyiz lonje
baton l' lan sou peyi Lejip la. Seyè a fè yon van nòde
soufle sou peyi a. Van an soufle tout yon jounen ak tout
yon nwit. Nan maten, van an pote krikèt vèt yo vini. 14
Krikèt yo tonbe sou peyi Lejip la, yo poze toupatou nan
peyi a. Moun pa t' janm wè kantite krikèt konsa, epi se
bagay yo p'ap janm wè ankò. 15 Krikèt yo kouvri tè a nèt.
Tè a vin tou nwa ak krikèt. Krikèt yo manje tou sak t'ap
pouse nan peyi a, tout fwi ki te nan pyebwa yo, tou sa
lagrèl te kite. pa t' rete yon ti fèy vèt nan pyebwa yo ankò
nan tout peyi Lejip la. Tout jaden te pèdi nèt. 16 Lè sa
a, farawon an prese fè rele Moyiz ak Arawon, li di yo: -
Mwen peche kont Seyè a, Bondye nou an, mwen peche
kont nou menm tou. 17 Tanpri, padonnen peche m' fwa

sa a. Lapriyè Seyè a, Bondye nou an, ankò pou l' wete
chatiman sa a sou mwen. Se touye chatiman sa a ap
touye m'! 18 Moyiz soti kay farawon an. Li lapriyè Seyè a.
19 Seyè a fè yon gwo van lwès soufle fwa sa a. Van an
pote tout krikèt yo al jete nan lanmè Wouj la. Pat rete yon
sèl grenn krikèt nan tout peyi Lejip la. 20 Men Seyè a fè
farawon an fè tèt di ankò. Farawon an pa kite moun pèp
Izrayèl yo ale. 21 Seyè a di Moyiz ankò: -Lonje men ou
anlè pou fènwa kouvri peyi Lejip la, yon fènwa sitèlman
pwès moun ta ka santi li anba men yo. 22 Moyiz leve
men li anlè, epi yon fènwa byen pwès desann kouvri tout
peyi Lejip la pandan twa jou. 23 Moun peyi Lejip yo fè
twa jou yonn pa t' ka wè lòt, pesonn pa mete tèt deyò.
Men, te gen klète kote moun pèp Izrayèl yo te rete a. 24
Farawon an fè rele Moyiz, li di l' konsa: -Nou mèt ale fè
sèvis pou Seyè a. Nou mèt ale ak timoun nou yo. Men
mouton nou yo, kabrit nou yo ak bèf nou yo ap rete isit
la. 25 Moyiz reponn li: -Bon, lè sa a, se ou menm ki pral
ban nou bèt pou nou touye pou nou boule pou Seyè a,
Bondye nou an? 26 Tout bèt nou fèt pou ale ak nou. Nou
p'ap kite yonn dèyè. Paske, se ladan yo pou nou pran
sa nou bezwen pou fè sèvis pou Seyè a, Bondye nou
an. Tout tan nou pa rive, nou poko konnen kisa nou pral
chwazi pou ofri bay Seyè a. 27 Men Seyè a fè farawon an
fè tèt di pi rèd toujou. Farawon an pa t' vle kite yo ale.
28 Farawon an di Moyiz konsa: -Wete kò ou devan m'.
Gade! Pa janm parèt devan m' ankò, paske jou ou ta
parèt devan m' ankò, m'ap disparèt ou. 29 Moyiz reponn
li: -Jan ou vle! Mwen p'ap janm parèt devan ou ankò.

11 Seyè a di Moyiz: -Mwen pral voye yon lòt malè sou
farawon an ak sou peyi Lejip la. Apre sa, l'ap kite
nou ale. Wi, lè l'a pare pou l' kite nou ale a, se mete
l'ap mete nou deyò. 2 Pale ak pèp Izrayèl la. Se pou yo
chak mande vwazen ak vwazen yo fè yo kado bagay yo
genyen ki fèt an ajan osinon an lò. 3 Seyè a te fè moun
peyi Lejip yo vin gen kè sansib pou moun pèp Izrayèl
yo. Pou Moyiz menm, tout moun nan peyi a te gen gwo
respè pou li. Moun farawon yo ansanm ak tout pèp la
te respekte Moyiz anpil. 4 Moyiz di farawon an: -Men
sa Seyè a di: Aswè a, nan mitan lannwit, m'ap pase kay
moun peyi Lejip yo. 5 Tout premye pitit gason moun peyi
Lejip yo pral mouri, depi premye pitit farawon an, ki chita
sou fotèy la, jouk premye pitit gason dènye klas sèvant
k'ap travay nan moulen. Premye pitit tout bèt pral mouri
tou. 6 Pral gen yon sèl gwo rèl nan tout peyi a, rèl moun
poko janm tande, rèl moun p'ap janm tande ankò. 7 Men,
nan mitan pèp Izrayèl la, ou p'ap menm tande yon chen
wouke, paske ni moun ni bèt p'ap mouri la. Konsa, w'a
konnen Seyè a fè yon diferans ant pèp peyi Lejip la ak
pèp Izrayèl la. 8 Lè sa a, tout moun pa ou yo pral desann
vin kote mwen. Y'ap bese tèt yo jouk atè devan mwen.
y'a di m': Ale non, ou menm ansanm ak tou pèp ou a.
Se lè sa a, m'a pati. Lèfini, Moyiz soti byen fache lakay
farawon an. 9 Seyè a di Moyiz: -Farawon an p'ap koute
ou. Konsa, m'a fè plis mèvèy toujou nan peyi Lejip. 10
Moyiz ak Arawon te fè tout mirak sa yo devan farawon an.
Men farawon an pa t' vle kite moun pèp Izrayèl yo soti kite
peyi a. Seyè a fè farawon an fè tèt di pi rèd toujou.

12 Antan Moyiz ak Arawon te nan peyi Lejip la, Seyè
a di yo: 2 -Se mwa sa a k'ap premye mwa pou
nou nan lanne a. Se limenm k'ap anvan tout lòt mwa yo.
3 Pale tout moun pèp Izrayèl la. Di yo: sou dizyèm jou
mwa sa a, n'a pran yon ti mouton pou chak fanmi, tande
byen wi, yon ti mouton pou chak kay. 4 Si pa gen kont
moun nan kay la pou manje tout ti mouton an, se pou
yo mete tèt yo ansanm ak vwazinaj ki pi pre kay la. N'a
kalkile kantite moun ki nesesè pou manje mouton an, sa
chak moun ka manje. 5 Se pou ti bèt nou chwazi a yon
timal ki gen ennan, epi ki pa gen ankenn enfimite, li te
mèt mouton, li te mèt kabrit. 6 N'a gade l' apa jouk sou
katòzyèm jou mwa a. Jou sa a, nan aswè, tout moun
Izrayèl yo va touye ti bèt la anvan li fin fè nwa. 7 N'a pran
ti gout nan san bèt la, n'a pase l' sou de chanbrann pòt
kay la ansanm ak sou travès lento pòt la, nan kay kote
n'ap manje ti bèt la. 8 Menm nwit sa a, n'a boukannen
vyann lan. Apre sa, n'a manje l' avèk pen ki fèt san ledven
epi ak fèy lanman. 9 Piga nou manje vyann lan ni manke
kwit ni bouyi. Se boukannen pou nou boukannen l' tout
ankè ak tout tonbe a. 10 Pa kite anyen pou denmen
maten. Si rete rès, se pou nou boule l' nan dife. 11 Men ki
jan pou nou ranje kò nou pou nou manje l': n'a mare ren
nou, sapat nou nan pye nou, baton nou nan men nou. Se
pou nou manje l' prese prese, paske se lè sa a Seyè a ap
pase. 12 Jou lannwit sa a, m'ap pase nan tout peyi Lejip
la, m'ap touye tout premye pitit gason ak tout premye pitit
bèt yo ki nan peyi a. M'ap regle tout bondye peyi Lejip yo.
Se mwen menm ki Seyè a. 13 San nou pase sou pòt yo
va make kay kote nou ye a. Lè m'a wè san an, m'a sote
kay nou. Konsa, lè m'ap frape peyi Lejip la, chatiman an
p'ap tonbe sou nou tou. 14 Jou sa a, se yon jou pou nou
pa janm bliye. Se pou nou fete l' tankou yon fèt pou Seyè
a, chak lè lè a va rive. Se pou nou pase yon lwa pou nou
toujou fete fèt sa a, nou menm ak tout pitit pitit nou yo. 15
Pandan sèt jou, se pou nou manje pen ki fèt san ledven.
Depi premye jou nan mwa a, n'a wete tout ledven anndan
lakay nou, paske depi premye jou a, rive sou setyèm jou
a, si yon moun gen malè manje pen ki gen ledven ladan l',
se pou yo disparèt li nan mitan pèp Izrayèl la. 16 Sou
premye jou a ak sou setyèm jou a, n'a reyini pou nou
lapriyè. Jou sa yo, nou p'ap fè ankenn travay. Manje ase
n'a fè pou tout moun manje. 17 N'a toujou fete fèt pen
san ledven an, paske se jou sa a mwen te fè tout lame
moun nou yo soti kite peyi Lejip. N'a toujou fete fèt sa
a, de pitit an pitit tankou yon lwa ki la pou tout tan. 18
Nan premye mwa a, depi katòzyèm jou a nan aswè rive
jouk sou venteyenyèm jou a nan aswè tou, se pen san
ledven pou nou manje. 19 Pandan sèt jou sa yo, p'ap
gen ledven lakay nou paske nenpòt moun ki va gen malè
manje pen ki gen ledven, yo gen pou yo disparèt li nan
mitan pèp Izrayèl la, kit se yon etranje, kit se yonn nan

nou. **20** Se pa pou nou manje pen ki gen ledven. Lakay
nou, se pou tout moun manje pen san ledven. **21** Moyiz
rele tout chèf fanmi pèp Izrayèl la, li di yo: -Se pou chak
moun al chache yon ti mouton osinon yon ti kabrit pou yo
touye pou fèt delivrans lan pou fanmi nou. **22** Apre sa, n'a
pran yon branch izòp, n'a tranpe l' nan kivèt ki gen san
bèt la. N'a pase l' sou de chanbrann pòt la ak sou travès
lento a. Apre sa, piga pesonn soti deyò lakay yo jouk li
jou. **23** Konsa, lè Seyè a va pase nan peyi Lejip la pou
touye moun peyi Lejip yo, l'a wè san an sou chanbrann yo
ak sou lento a, l'ap pase devan pòt la, li p'ap kite moun ki
reskonsab pou touye a antre lakay nou pou touye nou. **24**
N'a fè tout bagay sa yo sèvi tankou yon lwa ki la pou tout
tan, ni pou nou ni pou pitit nou yo. **25** Lè n'a antre nan
peyi Seyè a pral ban nou an, jan l' te pwomèt la, se pou
nou toujou fè seremoni sa a. **26** Lè timoun nou yo va
mande nou sa seremoni sa a vle di, **27** n'a reponn yo: Se
fèt Delivrans lan n'ap fete pou Seyè a, paske li te sote kay
moun pèp Izrayèl yo nan peyi Lejip, lè li t'ap touye moun
peyi Lejip yo. Konsa li pa t' fè nou anyen. Apre tout pawòl
sa yo, tout moun pèp Izrayèl yo met ajenou, yo bese tèt
yo atè pou adore Seyè a. **28** Lèfini, yo leve, y' ale, yo fè
tou sa Seyè a te bay Moyiz ak Arawon lòd fè a. Wi, yo fè
tout bagay jan li te bay lòd la. **29** Nan mitan lannwit, Seyè
a touye tout premye pitit gason moun peyi Lejip yo, depi
premye pitit gason farawon an ki chita sou fotèy la, jouk
premye pitit gason prizonye ki te nan kacho. Tout premye
pitit bèt yo tou te mouri. **30** Jou lannwit sa a, farawon an
leve, li menm, tout chèf li yo ansanm ak tout pèp peyi Lejip
la. Yon gwo rèl pete toupatou nan peyi Lejip, paske pa t'
gen yon kay ki pa t' gen lanmò. **31** Nan mitan lannwit lan,
farawon an fè rele Moyiz ak Arawon, li di yo: -Leve, ale
fè wout nou! Wete kò nou nan mitan pèp mwen an, nou
menm ansanm ak moun pèp Izrayèl la. Ale, mwen di nou.
Al fè sèvis pou Seyè a jan nou te di a. **32** Nou mèt pran
mouton nou ak bèf nou yo, jan nou te di l' la. Epi mande
Bondye pou l' beni mwen. **33** Moun peyi Lejip yo te cho
cho dèyè moun pèp Izrayèl yo pou fè yo prese kite peyi a.
Yo t'ap di: -Si nou pa ale, nou tout ap mouri! **34** Se konsa
pèp Izrayèl la pran pa t' farin lan san yo pa t' ankò mete
ledven ladan l'. Yo mete yo sou platin fou yo, yo vlope yo
nan rad yo, yo mete yo sou zepòl yo. **35** Moun pèp Izrayèl
yo te fè sa Moyiz te di yo a. Yo mande moun peyi Lejip yo
bijou an ajan, bijou an lò ansanm ak rad. **36** Seyè a te fè
moun peyi Lejip yo gen kè sansib pou pèp Izrayèl la. Yo
ba yo tou sa yo te mande. Se konsa pèp Izrayèl la pran
tout bagay moun peyi Lejip yo. **37** Moun pèp Izrayèl yo
pati kite Ranmsès pou Soukòt. Te gen sisanmil (600,000)
moun konsa, san konte fanm ak timoun. Yo tout te apye.
38 Te gen anpil moun lòt peyi tou ki te pati ansanm ak
yo. Te gen anpil mouton, kabrit ak bèf tou. **39** Avèk pa t'
farin yo te pote soti peyi Lejip la, yo fè pen. Pen yo te san
ledven, paske yo te prese mete yo deyò nan peyi Lejip la.
Yo pa t' menm gen tan fè pwovizyon. **40** Moun pèp Izrayèl
yo te pase katsantrantan nan peyi Lejip la. **41** Menm jou
ki te fè yo katsantrantan nan peyi a, jou pou jou, tout lame
moun Seyè a soti kite peyi Lejip la. **42** Se te yon jou
lannwit. Seyè a te pase tout nwit la ap veye pou fè yo soti
kite peyi Lejip la. Se poutèt sa, se pou yo mete nwit sa a
apa pou yo fè veye pou Seyè a. Se bagay pou yo toujou
fè de pitit an pitit. **43** Seyè a di Moyiz ak Arawon konsa: -
Men ki jan pou yo fete fèt Delivrans lan. Pou konmanse,
ankenn moun lòt nasyon pa gen dwa patisipe ladan l'.
44 Domestik nou achte pou sèvis lakay nou, lè nou fin
sikonsi yo, yo mèt patisipe. **45** Men, ni moun lòt nasyon
ki depasaj lakay nou, ni domestik k'ap travay pou lajan
pa ka patisipe nan fèt la. **46** Se pou nou manje manje
Delivrans lan anndan kay. Vyann lan pa fèt pou soti deyò
menm. Ni nou pa fèt pou kraze ankenn zo bèt nou touye
yo. **47** Se pou tout pèp Izrayèl la nèt fete fèt sa a. **48** Si
gen yon moun lòt nasyon ki rete nan peyi a epi ki ta vle
fete fèt Delivrans lan pou Seyè a, men sa pou nou fè: Sè
pou nou sikonsi tout gason lakay li anvan. Apre sa, l'a gen
dwa fete fèt Delivrans lan. y'a konsidere l' tankou moun
natif natal pèp Izrayèl la. Si yon gason pa sikonsi, li pa ka
patisipe nan fèt la. **49** Lòd sa a bon ni pou natif natal yo ni
pou moun lòt nasyon ki rete nan peyi a nan mitan nou. **50**
Tout moun pèp Izrayèl yo te swiv lòd la, yo te fè sa Seyè
a te bay Moyiz ak Arawon lòd fè a. **51** Se jou sa a Seyè a
te fè tout lame moun Izrayèl yo soti kite peyi Lejip la.

13 Seyè a di Moyiz konsa: **2** -Se pou nou mete tout
premye pitit gason ak tout premye mal bèt yo apa
pou mwen. Tout premye pitit gason moun pèp Izrayèl yo,
tout premye mal bèt yo fè, se pou mwen yo ye. **3** Moyiz di
pèp la: -Pa janm bliye jou sa a, jou nou te soti kite peyi
Lejip kote yo te fè nou tounen esklav la, paske se Seyè a
menm ki te fè nou soti ak fòs ponyèt li. Jou sa a, se pa
pou nou manje pen ki gen ledven ladan l'. **4** Se jòdi a, se
jou sa a, nan mwa Abib la, n'ap soti kite peyi Lejip. **5**
Seyè a va fè nou antre nan peyi ki pou moun Kanaran yo,
pou moun Et yo, pou moun Amori yo, pou moun Evi yo ak
moun Jebis yo. Se yon peyi ki rich anpil, kote lèt ak siwo
myèl koule tankou dlo. Se peyi sa a Seyè a te pwomèt
l'ap bay zansèt nou yo. Lè l'a fè nou antre nan peyi sa a,
n'a toujou fè sèvis sa a nan menm mwa a. **6** Pandan sèt
jou, n'a manje pen ki fèt san ledven. Sou setyèm jou a,
n'a fè yon fèt pou Seyè a. **7** Pandan sèt jou, n'a manje
pen ki fèt san ledven. Yo pa dwe jwenn ni pen ki fèt ak
ledven, ni ledven menm lakay nou, nan tout peyi a. **8**
Jou sa a, men sa n'a di pitit gason nou yo: Nou fè tou sa
pou Seyè a, lè nou chonje tou sa li te fè pou nou lè nou
soti kite Lejip la. **9** Sèvis sa a ap tankou yon mak nan
men nou osinon yon bagay nou mete nan tèt nou pou
nou pa bliye, pou nou ka toujou fè konnen lòd Seyè a.
Paske, se avèk fòs ponyèt li li fè nou soti kite peyi Lejip
la. **10** Toujou fè sèvis sa a chak lanne, nan dat mwen
te fikse a. **11** Lè Seyè a va fè nou antre nan peyi moun
Kanaran yo, dapre pwomès li te fè nou an, nou menm
ansanm ak zansèt nou yo, lè Seyè a va ban nou peyi sa

a, 12 n'a pran tout premye pitit gason nou yo, n'a mete
yo apa pou Seyè a. Konsa tou, tout premye pitit bèt nou
yo, depi se mal yo ye, se pou mwen yo ye. 13 Nan plas
tout premye pitit bourik nou yo, se pou nou ban mwen
yon ti mouton. Si nou pa fè sa, se pou nou kase kou l'.
Men, n'a ofri m' bagay pou achte lavi tout premye pitit
gason nou yo nan men mwen. 14 Denmen, lè pitit gason
nou yo va mande nou poukisa nou fè sa, n'a di yo: Se
paske se ak fòs ponyèt li Seyè a te fè nou soti kite peyi
Lejip kote yo te fè nou tounen esklav la. 15 Seyè a te
touye depi premye pitit gason moun peyi Lejip yo rive jouk
premye mal bèt yo fè, paske farawon an t'ap fè tèt di,
li pa t' vle kite nou ale. Se poutèt sa nou ofri bay Seyè
a tout premye mal bèt nou yo fe, epi nou ofri lòt bagay
pou achte lavi tout premye pitit gason nou yo nan men l'.
16 Sèvis sa a va tounen tankou yon mak sou men nou,
tankou bando nou mare sou fwon nou, pou fè nou chonje
se ak fòs ponyèt li Seyè a te fè nou soti kite peyi Lejip. 17
Lè farawon an kite pèp Izrayèl la pati, Bondye pa mennen
yo nan wout ki pase bò lanmè a pou ale nan peyi moun
Filisti yo, atout se wout sa a ki te pi kout, paske Bondye te
di: Mwen pa vle pou pèp la gen remò pou yo kase tèt
tounen nan peyi Lejip la ankò, lè y'a wè batay yo gen
pou yo fè. 18 Se konsa, Bondye fè pèp la pran chemen
dezè a nan direksyon lanmè Wouj la. Pèp Izrayèl la te
soti kite peyi Lejip la tankou yon lame. 19 Moyiz pran
zosman Jozèf yo avèk li, paske Jozèf te fè moun pèp
Izrayèl yo fè sèman. Li te di yo: Bondye gen pou vin ede
nou. Lè sa a, se pou nou pati ak zosman mwen soti isit
la. 20 Yo kite Soukòt, yo rive yon kote ki rele Etam, sou
lizyè dezè a, yo pase kèk tan la. 21 Lajounen, Seyè a
t'ap mache devan yo nan yon gwo nwaj ki te gen fòm
yon poto pou moutre yo chemen pou yo pran. Lannwit, li
t'ap mache devan yo nan yon dife ki te tankou yon flanm
ki t'ap klere yo. Konsa, yo te ka vwayaje lajounen kou
lannwit. 22 Lajounen, nwaj la te toujou ap mache devan
pèp la. Lannwit, se te dife a.

14 Bondye pale ak Moyiz, li di l': 2 -Pale ak pèp
Izrayèl la, di yo: Tounen dèyè, moute tant nou devan
Pyakiròt, ant Migdòl ak lanmè a, anfas Baalsefon. N'a
moute tant nou devan kote sa a, bò lanmè a. 3 Farawon
an pral mete nan tèt li pèp Izrayèl la pèdi nan peyi a, yo
pa konn kote pou yo fè nan dezè a. 4 M'ap fè farawon an
fè tèt di ankò, l'a rapouswiv nou. Men, m'ap bat ni farawon
an ni tout lame li yo. Sa va sèvi yon lwanj pou mwen.
Konsa, moun peyi Lejip yo va konnen se mwen menm
ki Seyè a. Moun pèp Izrayèl yo fè jan Bondye te di yo
a. 5 Farawon an, wa Lejip la, resevwa rapò. Yo vin di l'
pèp la sove ale. Lè sa a, farawon an ak moun pa l' yo
chanje lide. Yo di: -Sa nou fè la a? Nou kite yo ale? Yo
sove kite travay yo t'ap fè pou nou an? 6 Farawon an fè
pare cha lagè li. Li pran sòlda li yo ak li. 7 Li pran sisan
(600) cha nan sa ki te pi bon yo. Tout lòt cha yo te ale
tou. Yo tout te gen sòlda ame sou yo. 8 Seyè a te fèmen
kè farawon an, wa Lejip la. Farawon an pran rapouswiv
moun pèp Izrayèl yo ki te soti kite peyi a devan je tout
moun san pesonn pa t' di yo anyen. 9 Men apre sa, moun
peyi Lejip yo pran kouri dèyè yo ak tout chwal yo, tout
cha lagè farawon yo, tout kavalye yo. Tout lame yo te
dèyè pèp Izrayèl la. Yo jwenn yo kote yo te moute tant
yo a, bò lanmè a, toupre Pyakiròt anfas Baalsefon. 10
Antan farawon an t'ap pwoche, moun Izrayèl yo leve je
yo, yo wè moun peyi Lejip yo ki t'ap rapouswiv yo. Yo te
pè anpil. Yo pran rele nan pye Seyè a. 11 Yo di Moyiz
konsa: -Eske se paske pa gen kote pou antere moun nan
peyi Lejip la kifè ou mennen nou vin mouri isit la nan dezè
a? Kisa ou fè nou konsa lè ou te fè nou soti kite Lejip la?
12 Eske nou pa t' di ou sa lè nou te Lejip toujou? Nou te di
ou: Kite nou travay pou moun peyi Lejip yo, pa vre! Pito
nou travay pou moun peyi Lejip yo pase pou nou mouri
nan dezè a. 13 Moyiz reponn pèp la: -Nou pa bezwen pè.
Pran kouraj. Louvri je nou pou nou wè jan Seyè a pral
delivre nou jòdi a. Moun peyi Lejip sa yo nou wè jòdi a,
nou p'ap janm wè yo ankò. 14 Seyè a ap goumen pou
nou. Nou menm, poze san nou. 15 Seyè a di Moyiz: -
Poukisa w'ap rele konsa nan zòrèy mwen? Di moun pèp
Izrayèl yo pou yo leve mache. 16 Ou menm, leve baton
ou lan. Lonje men ou sou lanmè a, fann li de bò. Konsa,
moun pèp Izrayèl yo va mache nan mitan lanmè a tankou
sou tè sèk. 17 M'ap fè moun peyi Lejip yo fè tèt di pi rèd.
Y'ap antre dèyè moun pèp Izrayèl yo nan mitan lanmè a.
Mwen pral bat farawon an ansanm ak tout lame l' a, tout
cha li yo ak tout kavalye l' yo. Sa va sèvi yon lwanj pou
mwen. 18 Lè m'a bat farawon an ansanm ak tout cha li yo
ak kavalye li yo, moun peyi Lejip yo va konnen se mwen
menm ki Seyè a. 19 Zanj Bondye ki t'ap mache devan
moun pèp Izrayèl yo chanje plas, li pase dèyè. Nwaj ki te
devan yo a chanje plas tou, li pase dèyè yo. 20 Li rete
nan mitan ant moun peyi Lejip yo ak moun pèp Izrayèl yo.
Nwaj la te tou nwa yon bò. Sou lòt bò a, li t'ap klere tout
lannwit. Konsa, de lame yo pa t' ka pwoche yonn sou lòt
pandan tout lannwit lan. 21 Moyiz lonje men l' sou lanmè
a. Seyè a fè yon gwo van nòde soufle byen fò pandan
tout lannwit lan sou lanmè a. Li fè fon lanmè a tounen tè
sèk, dlo a fann de bò. 22 Moun pèp Izrayèl yo antre sou
tè sèk la, nan mitan lanmè a. Dlo a te kanpe de bò tankou
yon miray sou bò dwat yo ak sou bò gòch yo. 23 Moun
peyi Lejip yo pran rapouswiv yo. Yo antre dèyè yo nan
mitan lanmè a ak tout chwal farawon yo, tout cha li yo ak
tout kavalye l' yo. 24 Lè devanjou rive, Seyè a rete nan
dife a ak nan nwaj la, li voye je l' sou lame peyi Lejip la, li
lage yon sèl dezòd nan mitan yo. 25 Li bloke wou cha yo.
Sa te difisil anpil pou cha yo te vanse. Lè sa a, moun peyi
Lejip yo di konsa: -Ann kouri kite moun Izrayèl yo an repo.
Paske, Seyè a ap goumen pou yo kont nou. 26 Lè sa a,
Seyè a di Moyiz: -Lonje men ou sou lanmè a ankò. Dlo
a ap tounen nan plas li, l'ap kouvri moun peyi Lejip yo
ansanm ak tout cha yo ak kavalye yo. 27 Se konsa, lè jou
pral kase, Moyiz lonje men l' sou lanmè a, dlo a tounen

nan plas li. Lè moun peyi Lejip yo wè dlo a ap vini sou yo,
yo t'ap chache sove poul yo. Yo pran kouri. Men, Seyè a
voye yo jete nan lanmè a. 28 Dlo a tounen nan plas li, li
kouvri cha yo, kavalye yo ak tout lame farawon an. Wi,
li kouvri tout moun ki t'ap kouri dèyè moun pèp Izrayèl
yo nan lanmè a. Pa gen yonn ki chape. 29 Men, moun
Izrayèl yo menm te mache nan mitan lanmè a tankou sou
tè sèk. Dlo a te kanpe tankou yon miray sou bò dwat ak
sou bò gòch yo. 30 Sè jou sa a Seyè a te delivre pèp
Izrayèl la anba men moun peyi Lejip yo. Moun pèp Izrayèl
yo te wè kadav moun peyi Lejip yo sou tout bò lanmè a.
31 Yo wè sa Seyè a te fè moun peyi Lejip yo pase ak fòs
ponyèt pa li. Pèp Izrayèl la vin gen krentif pou Seyè a. Yo
mete konfyans yo nan Seyè a ak nan Moyiz, sèvitè l' la.

15 Lè sa a, Moyiz ak moun pèp Izrayèl yo chante
yon chante pou Seyè a. Men sa chante a di: -M'ap
chante pou Seyè a, paske li genyen batay la. Li voye
chwal yo ak tout kavalye yo jete nan lanmè. 2 Seyè a,
se tout fòs mwen. Se pou li m'ap chante. Se li menm ki
delivre m'. Se Bondye mwen li ye, m'ap fè lwanj li. Se
Bondye zansèt mwen yo, m'ap di jan li gen pouvwa. 3
Seyè a, se yon vanyan sòlda. Se Seyè yo rele l'. 4 Li voye
cha farawon yo ansanm ak tout lame l' a jete nan lanmè.
Li fè pi bon sòlda li yo mouri neye nan lanmè Wouj la. 5
Lanm lanmè a kouvri yo. Yo fè fon tankou ròch. 6 Seyè,
fòs bra dwat ou se kokenn zafè! Seyè, fòs bra dwat ou
kraze lènmi an! 7 Jan ou gen anpil pouvwa sa a, Seyè!
Ou kraze moun k'ap goumen avè ou yo. Ou fè yon sèl
kòlè, ou boule yo tankou dife nan pay. 8 Nan kolè ou, ou
soufle. Souf ou fè dlo a ranmase kò l'. Lanm yo kanpe
dwat tankou yon miray. Dlo a vin di nan mitan lanmè a. 9
Lènmi an te di: M'ap kouri dèyè yo, m'ap pran yo. M'ap
separe tout richès yo, m'ap pran tou sa m' vle. M'ap rale
nepe mwen, avèk fòs ponyèt mwen, m'ap disparèt yo. 10
Ou annik fè yon ti van leve, lanmè a kouvri yo. Lanmè
a te move, yo desann nan fon tankou plon. 11 Seyè,
nan tout bondye yo, kilès ki tankou ou! Pouvwa ou fè yo
respekte ou! Ou se Bondye ki apa nèt! Kilès ki tankou ou?
Ou menm ki fè mirak, ou menm ki fè mèvèy pou fè moun
pè! Kilès ki tankou ou? 12 Ou annik lonje men dwat ou, tè
a vale yo tou vivan. 13 Paske ou gen bon kè, ou mennen
pèp ou delivre a, avèk fòs ponyèt ou, ou mennen yo nan
peyi ki apa pou ou a. 14 Lòt pèp yo pran nouvèl sa ki
pase, yo pran tranble tèlman yo pè. Yon sèl vant fè mal
pran moun Filisti yo. 15 Ata chèf peyi Edon yo te pè anpil.
Vanyan gason peyi Moab yo pran tranble. Tout moun nan
peyi Kanaran pèdi kouraj. 16 Yon sèl kè kase, yon sèl
sezisman pran yo. Avèk fòs ponyèt ou, ou fè yo rete rèd
san yo pa kapab fè anyen. Ou fè yo rete konsa jouk pèp
ou a fin pase, Seyè, wi, jouk pèp ou delivre a fin pase!
17 Wa mennen yo, w'a plante yo sou mòn ki pou ou a,
Seyè, sou mòn kote ou pare pou kay ou a, kay ou bati
pou ou a, Seyè. 18 Seyè a ap gouvènen pou tout tan.
19 Chwal farawon yo ansanm ak tout cha ak kavalye yo
te tonbe nan lanmè. Seyè a fè dlo a tounen nan plas li.
Dlo a kouvri yo tout. Men, moun pèp Izrayèl yo menm te
mache nan fon lanmè a tankou sou tè sèk. 20 Miryam, sè
Arawon an, te yon pwofèt. Li pran yon tanbouren nan
men l', tout medam yo t'ap mache dèyè l', yo t'ap bat
tanbouren, yo t'ap danse. 21 Miryam t'ap chante pou yo, li
t'ap di moun pèp Izrayèl yo: Annou chante pou Seyè a!
Paske li genyen yon bèl batay! Li voye chwal yo jete nan
fon lanmè ak tout kavalye yo sou yo. 22 Moyiz fè moun
Izrayèl yo pati kite bò lanmè Wouj la. Yo mete tèt yo sou
bò dezè Chou a. Yo t'ap mache depi twa jou nan dezè a
san yo pa jwenn gout dlo pou yo bwè. 23 Yo rive yon kote
ki rele Mara. Men, yo pa t' kapab bwè dlo ki te la a, paske
li te twò anmè. Se poutèt sa yo rele kote a Mara. 24 Pèp
la pran bougonnen sou do Moyiz nan dezè a. Yo mande l':
-Atò, kisa pou nou bwè koulye a? 25 Moyiz rele Seyè a, li
lapriyè nan pye l'. Seyè a moutre l' yon kalite pyebwa.
Moyiz lage branch bwa a nan dlo a, dlo a vin dous. Se la
Seyè a te ba yo lòd ak regleman pou yo swiv. Se la li t'ap
chache sonde yo. 26 Li di yo: -Se mwen menm ki Seyè a,
Bondye nou an. Si nou koute m' lè m' pale nou, si nou fè
tout sa ki dwat devan mwen, si nou louvri zòrèy nou pou
swiv kòmandman mwen yo, pou nou kenbe lòd mwen ban
nou, mwen p'ap voye malè sou nou, jan mwen te fè moun
peyi Lejip yo. Se mwen menm, Seyè a, k'ap geri nou. 27
Apre sa, yo rive Elim, yon kote ki te gen douz sous dlo ak
swasanndis pye dat. Yo rete la, yo moute tant yo bò dlo a.

16 Apre sa, tout moun pèp Izrayèl yo pati kite Elim,
yo rive nan dezè yo rele Sin lan, ant Elim ak mòn
Sinayi. Lè yo rive la, yo te gen yon mwa kenz jou depi yo
te pati kite Lejip. 2 Yo tout pran bougonnen sou do Moyiz
ak Arawon nan dezè a. 3 Yo t'ap di yo: -Poukisa Seyè
a pa t' tou touye nou nan peyi Lejip la? Lè sa a, nou te
konn chita devan bòl vyann nou, nou te konn manje pen
plen vant nou. Men, ou menm ak Arawon, nou mennen
nou nan dezè sa a pou fè tout kantite moun sa yo mouri
grangou. 4 Seyè a di Moyiz konsa: -Mwen pral fè pen
tonbe soti nan syèl la pou nou tankou grenn lapli. Pèp la
va soti chak jou pou l' ranmase mezi li bezwen pou jounen
an. Konsa, m'a gade pou m' wè si wi ou non yo vle mache
sou lòd mwen vre. 5 Chak sizyèm jou nan senmenn lan,
y'a ranmase de fwa lavalè sa yo konn ranmase lòt jou
yo, y'a pare mete la. 6 Moyiz ak Arawon di tout moun
pèp Izrayèl yo: -Aswè a n'a konnen se Seyè a ki te fè
nou pati kite peyi Lejip. 7 Denmen maten, n'a wè ki kalite
pouvwa Seyè a genyen. Li tande jan n'ap bougonnen sou
do li. Paske mwen menm ak Arawon, kisa nou ye pou se
sou nou n'ap bougonnen konsa? Se sou Bondye n'ap
bougonnen. 8 Apre sa, Moyiz di yo: -Se Seyè a k'ap ban
nou vyann pou nou manje chak swa. Se li k'ap ban nou
kantite pen nou bezwen chak maten, paske Seyè a tande
tout bougonnen n'ap bougonnen sou li a. Nou menm, kisa
nou ye? Se pa sou nou n'ap bougonnen, men se sou
Seyè a n'ap bougonnen. 9 Lè sa a Moyiz di Arawon: -Men
sa pou ou di tout moun pèp Izrayèl yo: Pwoche vin devan
Seyè a paske li tande jan n'ap plenyen an. 10 Pandan

Arawon t'ap pale ak tout moun pèp Izrayèl yo, yo vire tèt
yo bò dezè a, yo wè pouvwa Bondye a parèt nan nwaj la.
11 Seyè a di Moyiz: 12 -Mwen tande jan moun pèp Izrayèl
yo ap plenyen. Men sa pou ou di yo: Aswè a, anvan li fin
fè nwa, n'a gen vyann pou nou manje. Denmen maten,
n'a gen pen kantite nou bezwen. Lè sa a, n'a konnen
se mwen menm, Seyè a, ki Bondye nou. 13 Nan aswè,
zòtolan vini, yo kouvri tout kote yo te moute tant yo a. Nan
maten, te gen yon kouch lawouze toutalantou kote pèp la
te moute tant yo a. 14 Lè lawouze a disparèt, li kite yon
kwout tou blan atè nan dezè a. Kwout la te fen, li te plen ti
grenn tankou sèl, li te kouvri tout atè a. 15 Lè moun pèp
Izrayèl yo wè sa, yo pa t' konn sa l' te ye. Yonn t'ap di lòt:
-Sa sa ye sa? Moyiz di yo: -Sa a, se pen Seyè a ban nou
pou nou manje. 16 Men lòd Seyè a ban nou: Se pou chak
moun ranmase mezi yo bezwen pou kantite moun ki lakay
yo. N'a ranmase twa ti mamit edmi pou chak moun. 17
Moun pèp Izrayèl yo fè sa Moyiz te di yo fè a. Gen moun
ki te ranmase plis, gen lòt ki te ranmase pi piti. 18 Men, lè
yo mezire, sa ki te ranmase plis yo pa t' gen twòp, sa ki
te ranmase pi piti yo pa t' manke anyen. Konsa, chak
moun te ranmase mezi yo te bezwen pou yo manje. 19
Moyiz di yo: -Piga pesonn sere anyen pou denmen. 20
Men gen moun ki pa t' koute Moyiz. Yo sere ti gout pou
denmen maten. Nan denmen yo jwenn li plen vè, li te
gate. Moyiz te fache sou moun sa yo. 21 Chak maten
yo ranmase mezi yo te bezwen pou yo manje. Men, kou
solèy la konmanse cho, bagay la te fonn. 22 Sizyèm jou
nan senmenn lan, yo te ranmase de fwa lavalè sa yo te
konn ranmase chak jou a. Yo te ranmase sèt ti mamit
pou chak moun. Tout chèf fanmi ki te alatèt pèp la vin di
Moyiz sa. 23 Moyiz reponn yo: -Men lòd Seyè a te bay:
Denmen se jou repo, se jou repo ki apa pou Seyè a.
Kwit sa nou gen pou nou kwit. Bouyi sa nou gen pou nou
bouyi. N'a sere rès la pou denmen. 24 Jan Moyiz te ba yo
lòd la, yo sere rès la pou denmen. Li pa t' gate, vè pa t'
tonbe ladan l'. 25 Moyiz di yo: -Nou mèt manje rès la
jòdi a, paske jòdi a se jou repo yo mete apa pou Seyè
a. Jòdi a nou p'ap jwenn anyen deyò a. 26 Pandan sis
premye jou senmenn lan n'a jwenn pou n' ranmase. Men
setyèm jou a, jou repo a, nou p'ap jwenn anyen pou nou
ranmase. 27 Setyèm jou a, gen kek moun nan pèp la ki te
soti al ranmase manje, men yo pa jwenn anyen. 28 Lè
sa a, Seyè a di Moyiz: -Kilè n'a sispann dezobeyi lòd ak
kòmandman mwen yo? 29 Konprann sa byen, se mwen
menm, Seyè a, ki te ban nou jou repo sa a. Se poutèt sa,
sou sizyèm jou nan senmenn lan, mwen ban nou manje
valè pou de jou. Nan setyèm jou senmenn lan, se pou
tout moun rete kote yo ye a. Piga pesonn mete tèt deyò.
30 Se konsa, lè setyèm jou a rive, pèp la pa fè ankenn
travay. 31 Pèp Izrayèl la rele manje a laman. Li te gen fòm
grenn pitimi. Li te tou blan, li te gen menm gou ak gato ki
fèt ak siwo myèl. 32 Moyiz di yo: -Men lòd Seyè a ban
nou. Se pou nou sere twa ti mamit edmi plen laman pou
pitit pitit nou yo. Konsa y'a wè ki kalite manje mwen te
konn ban nou nan dezè a, lè mwen te fè nou soti kite peyi
Lejip la. 33 Apre sa Moyiz di Arawon: -Pran yon ti ja, mete
twa ti mamit edmi laman ladan l'. Mete l' devan Seyè a
pou l' ka rete pou pitit pitit nou yo. 34 Arawon fè sa Seyè
a te bay Moyiz lòd fè a. Li mete ti ja a devan Bwat Kontra
a, li sere l' la. 35 Moun pèp Izrayèl yo pase karantan ap
manje laman, jouk jou yo rive nan yon peyi kote yo jwenn
moun rete. Kifè yo manje laman jouk yo rive sou fwontyè
peyi Kanaran. 36 Twa ti mamit edmi, se valè twaka yon
gwo mamit. Trannsenk ti mamit fè yon gwo bidon.

17 Tout moun pèp Izrayèl yo pati, yo kite dezè Sin lan,
dapre lòd Seyè a te ba yo. Yo fè wout la moso pa
moso, jouk yo rive Refidim kote yo moute tant yo. Men, pa
t' gen dlo la pou pèp la te bwè. 2 Yo leve fè kont ak Moyiz.
Yo di l': -Ban nou dlo pou nou bwè! Moyiz reponn yo: -
Poukisa n'ap chache m' kont konsa? Pouki n'ap sonde
Seyè a konsa? 3 Men, pèp la te swaf dlo anpil, yo t'ap
bougonnen sou do Moyiz. Yo di l': -Poukisa ou fè nou soti
kite peyi Lejip la? Gen lè se pou te fè nou vin mouri swaf
dlo isit la, avèk pitit nou yo ansanm ak tout bèt nou yo? 4
Moyiz menm lapriyè nan pye Bondye. Li di l' konsa: -Kisa
pou m' fè ak moun sa yo? Yo san lè touye m' ak kout
ròch! 5 Seyè a di Moyiz: -Pran kèk chèf fanmi pèp Izrayèl
la avèk ou, pase devan pèp la. Kenbe baton ou te sèvi
pou frape gwo la rivyè Nil lan nan men ou. Epi mache. 6
Mwen menm, m'ap kanpe laba a, dwat devan ou, sou tèt
gwo ròch Orèb la. W'a frape ròch la, dlo va soti ladan l'.
Pèp la va bwè. Se sa menm Moyiz te fè devan chèf fanmi
pèp Izrayèl la. 7 Yo rele kote sa a Masa ak Meriba, paske
pèp Izrayèl la t'ap chache kont, yo t'ap sonde Seyè a lè
yo te mande: Eske Seyè a nan mitan nou, wi ou non? 8
Antan pèp Izrayèl la Refidim, moun Amalèk yo vin pou
goumen ak yo. 9 Moyiz di Jozye konsa: -Chwazi kèk
gason pou nou. Denmen w'a soti al goumen ak moun
Amalèk yo. Mwen menm, m'a moute sou tèt ti mòn lan
avèk baton Bondye te ban mwen an nan men mwen. 10
Jozye fè tou sa Moyiz te di l' fè. Li soti al goumen ak moun
Amalèk yo. Moyiz menm moute sou tèt ti mòn lan ansanm
ak Arawon ak Our. 11 Tout tan Moyiz te kenbe men l' yo
leve anlè, se moun Izrayèl yo ki te pi fò. Men, kou Moyiz
bese men l', se moun Amalèk yo ki te pi fò. 12 Rive yon lè
Moyiz te bouke, de bra l' t'ap fè l' mal. Arawon ak Our
pran yon ròch, yo mete l' deyè Moyiz, yo fè Moyiz chita
sou li. Yo chak pran yon bra Moyiz, yo kenbe yo anlè. Yo
kenbe yo konsa jouk solèy kouche. 13 Jozye menm te bat
Amalèk ak moun li yo byen bat, li touye yo anba kout
nepe. 14 Apre sa, Seyè a di Moyiz: -Ekri sa nan liv rejis
la pou moun yo pa janm bliye batay sa a. W'a di Jozye
konsa m'ap efase non Amalèk sou latè pou yo pa janm
chonje l' ankò. 15 Moyiz bati yon lòtèl, li rele l': Seyè a se
drapo m'. 16 Apre sa li di: -Men mwen leve men m' devan
fotèy Seyè a, Seyè a p'ap janm sispann goumen ak moun
Amalèk yo.

18 Jetwo te pran nouvèl tou sa Bondye te fè pou Moyiz
ak pèp Izrayèl la, jan li te fè yo soti kite peyi Lejip.
Jetwo sa a te prèt nan peyi Madyan. Se bòpè Moyiz li
te ye. **2** Anvan tout bagay sa yo te rive, Moyiz te voye
Sefora, madanm li, al jwenn Jetwo, papa li. Koulye a,
Jetwo mennen Sefora tounen bay Moyiz **3** ansanm ak
Gèchon ak Elyezè, de pitit gason Moyiz yo. Lè timoun sa
yo t'ap fèt Moyiz te di: Se moun vini mwen ye nan yon
peyi etranje. Se konsa li te rele yonn Gèchon. **4** Moyiz te
di tou: Se Bondye papa m' ki te pote m' sekou, ki te sove
m' anba pèsekisyon farawon an. Se konsa li te rele lòt
la Elyezè. **5** Jetwo, bòpè Moyiz la, pran madanm Moyiz
ak de pitit gason l' yo, li vin wè Moyiz nan dezè kote l'
te moute tant li a, sou mòn Bondye a. **6** Jetwo voye di
Moyiz: -Se mwen menm, Jetwo, bòpè ou, k'ap vin wè
ou ansanm ak madanm ou ak de pitit gason ou yo. **7**
Moyiz soti al kontre bòpè li, li bese tèt li jouk atè devan l'
pou di li bonjou, epi li bo l'. Yonn mande lòt ki jan yo ye,
epi yo antre anba tant Moyiz la. **8** Moyiz rakonte bòpè l'
tou sa Seyè a te fè farawon an ak moun peyi Lejip yo
pase poutèt pitit Izrayèl yo. Li di l' tout tray yo te pase
nan vwayaj la ak ki jan Seyè a te delivre yo. **9** Jetwo te
kontan anpil lè l' tande tout bèl bagay Seyè a te fè pou
pèp Izrayèl la, jan l' te delivre yo anba men moun peyi
Lejip yo. **10** Jetwo di: -Lwanj pou Seyè a ki delivre ou
anba men moun peyi Lejip yo ak anba men farawon an!
Lwanj pou Seyè a ki wete pèp li a anba esklavaj moun
peyi Lejip yo! **11** Koulye a mwen konnen Seyè a gen plis
pouvwa pase tout lòt bondye yo, paske gade jan Bondye
delivre pèp Izrayèl la anba moun peyi Lejip yo ki pa t' vle
wè yo! **12** Apre sa, Jetwo, bòpè Moyiz la, ofri bèt pou
yo touye pou di Bondye mèsi. Li ofri bèt pou yo boule
nèt pou Seyè a. Arawon ansanm ak tout chèf fanmi pèp
Izrayèl la te vin manje ak bòpè Moyiz la nan manje yo
t'ap manje devan Bondye a. **13** Nan denmen, Moyiz te
chita pou rann jijman sou tout bagay ki pase nan mitan
pèp la. Depi maten jouk aswè, moun t'ap pase devan
Moyiz. **14** Lè Jetwo, bòpè Moyiz la, wè kalite travay di
sa a Moyiz t'ap fè pou kò l' pou pèp la, li di l' konsa: -
Kisa w'ap fè konsa ak pèp la? Poukisa pou pèp la kanpe
devan ou depi maten jouk aswè, epi se ou menm ki chita
la pou kont ou ap rann jijman? **15** Moyiz reponn bòpè l'
konsa: -Se sa pou m' fè paske pèp la vin kote m' pou yo
ka konnen sa Bondye vle yo fè nan tout sikonstans. **16** Lè
yo gen kont, yo vin jwenn mwen, mwen regle sa pou yo,
mwen fè yo konnen volonte Bondye ak sa Bondye mande
yo pou yo fè. **17** Bòpè Moyiz la di l' konsa: -Jan w'ap fè l'
la pa bon. **18** W'ap fin kraze kouraj ou ansanm ak kouraj
pèp la ki la avè ou. Paske chay la twòp pou ou. Ou pa
ka pote l' pou kont ou. **19** Bon. Koute sa m'ap di ou: se
yon konsèy m'ap ba ou pou Bondye ka ede ou. Se ou
menm ki va prezante pou pèp la devan Bondye. W'a mete
tout pwoblèm yo devan Bondye. **20** W'a moutre yo lòd
Bondye, Seyè a, bay ansanm ak sa li mande yo pou yo fè.
W'a fè yo konnen jan pou yo viv ak sa yo dwe fè. **21** Men,
w'a chwazi nan mitan pèp la kèk moun ki kapab, moun ki
gen krentif pou Bondye. Fòk se moun ou ka konte sou yo,
moun ki p'ap kite lajan pran nanm yo. W'a mete yo chèf
pou dirije pèp la, chèf sou mil moun, chèf sou san moun,
chèf sou senkant moun ak chèf sou dis moun. **22** Moun
sa yo va toujou la pou sèvi jij pou pèp la. Lè y'a gen gwo
zafè, y'a pote yo devan ou. Men lòt ti zafè, y'a regle sa yo
menm. Konsa, chay la va pi lejè pou ou, paske y'a ede ou
pote l'. **23** Si ou fè sa, Bondye va dirije ou. W'a kapab
fè travay ou, epitou, tout pèp la va tounen lakay li ak kè
poze. **24** Moyiz koute konsèy bòpè l' la vre. Li fè tou sa
Jetwo te di l' fè yo. **25** Moyiz chwazi nan mitan pèp Izrayèl
la kèk nèg ki kapab dirije pèp la, li mete yo chèf sou mil
moun, chèf sou san moun, chèf sou senkant moun ak
chèf sou dis moun. **26** Yo te toujou la pou rann jistis pou
pèp la. Yo te pote gwo zafè yo devan Moyiz. Men ti ka piti
yo, yo te regle sa yo menm. **27** Apre sa, Moyiz kite bòpè l'
la pati. Epi Jetwo tounen tounen l' nan peyi l'.

19 Moun Izrayèl yo te gen de mwa depi yo te soti kite
peyi Lejip la. Premye jou twazyèm mwa a, yo rive
nan dezè Sinayi a. **2** Lè yo kite Refidim, yo rive nan dezè
Sinayi a. Se la yo moute tant yo, anfas mòn lan. **3** Moyiz
moute sou mòn lan, l' al bò kote Bondye. Seyè a rete
sou tèt mòn lan, li rele Moyiz, li di l': -Men sa pou ou di
moun fanmi Jakòb yo, men sa pou ou fè pèp Izrayèl la
konnen: **4** Seyè a pale, li voye di nou konsa: Nou wè sa
mwen te fè moun peyi Lejip yo. Nou wè ki jan mwen te
pote nou tankou malfini pote pitit li yo sou do li, mwen fè
nou vin jwenn mwen. **5** Koulye a menm, si nou koute
sa mwen di nou, si nou kenbe kontra mwen an, se nou
menm m'ap chwazi pou moun pa m' nan mitan tout pèp
ki sou latè. Tout latè se pou mwen, se vre. **6** Men nou
menm, n'ap vini yon nasyon moun k'ap sèvi m' tankou
prèt, yon pèp k'ap viv apa pou mwen. Wi, se sa pou ou
di moun Izrayèl yo. **7** Moyiz ale, li fè sanble tout chèf
fanmi pèp la, li rapòte yo tou sa Seyè a te ba li lòd di
yo. **8** Tout pèp la reponn ansanm, yo di: -N'a fè tou sa
Seyè a di nou fè. Apre sa, Moyiz al rapòte bay Seyè a
repons pèp la. **9** Seyè a di Moyiz: -M'ap vin jwenn ou nan
yon gwo nwaj byen pwès. Konsa pèp la va tande lè m'ap
pale avè ou, y'a toujou kwè nan ou. Moyiz rakonte Seyè a
sa pèp la te reponn. **10** Seyè a di Moyiz: -Ale bò kote
pèp la. Fè yo pran jounen jòdi a ak jounen denmen an
pou yo mete yo nan kondisyon pou fè sèvis pou mwen.
Se pou yo lave rad yo. **11** Se pou yo pare pou twazyèm
jou a. Paske, sou twa jou mwen menm, Seyè a, m'ap
desann sou mòn Sinayi a pou tout moun ka wè m'. **12**
W'a mete yon limit toutalantou mòn lan pou pèp la pa
depase. W'a avèti yo pou yo pa moute sou mòn lan, ni
pou pesonn pa menm pwoche bò pye mòn lan. Nenpòt
moun ki va mete pye sou mòn lan, se pou yo touye l'. **13**
y'a kalonnen l' kout ròch osinon y'a pèse l' ak kout flèch
jouk li mouri, san pesonn p'ap bezwen manyen li ak men
yo. Kit se yon moun, kit se yon bèt, se pou yo touye l'. Lè
y'a tande kòn lan kònen, se lè sa a y'a moute sou mòn

lan. **14** Moyiz desann soti sou mòn lan, l' al bò kote pèp
la. Li fè yo mete tèt yo nan kondisyon pou fè sèvis pou
Seyè a. Yo lave rad yo. **15** Apre sa, Moyiz di yo: -Pare
nou pou apre denmen. Pa kouche ak ankenn fanm. **16**
Sou twazyèm jou a vre, nan granmaten, loraj t'ap gwonde
sou mòn lan. Te gen zèklè ak yon gwo nwaj byen pwès
sou mòn lan tou. Yon twonpèt t'ap kònen byen fò. Tout
moun t'ap tranble kou fèy bwa kote yo te ye a, sitèlman yo
te pè. **17** Moyiz fè pèp la soti kote yo te moute tant yo a
pou y al kontre Bondye. Yo rete nan pye mòn lan. **18** Tout
mòn Sinayi a te kouvri nèt ak lafimen, paske Seyè a te
desann sou li nan mitan yon gwo dife. Lafimen t'ap moute
tankou nan yon fou lacho. Tout mòn lan t'ap tranble avèk
fòs. **19** Twonpèt la t'ap kònen pi fò toujou. Moyiz t'ap pale,
Bondye t'ap reponn li byen fò avèk yon bri ou ta di yon bri
loraj. **20** Seyè a desann sou mòn Sinayi a, sou tèt mòn
lan menm. Li rele Moyiz sou tèt mòn lan. Moyiz moute al
jwenn li. **21** Seyè a di Moyiz konsa: -Desann, avèti pèp
la pou yo pa depase limit la, paske yo ka pran kouri vin
gade mwen. Lè sa a, anpil ladan yo ta kapab mouri. **22**
Ata prèt yo ki ka pwoche bò kote m', se pou yo mete tèt
yo nan kondisyon pou sa tou. Si se pa sa, mwen ka touye
yo. **23** Moyiz di Seyè a: -Pèp la p'ap kapab moute sou
mòn Sinayi a, paske se ou menm ki defann yo moute, lè
ou te di: Trase yon limit toutalantou mòn lan, mete l' apa
pou mwen. **24** Lè sa a Seyè a di Moyiz: -Desann non. Epi
tounen ansanm ak Arawon. Men pa kite prèt yo ak pèp la
depase limit ou te ba yo a pou yo kouri vin kote m'. Si yo
fè sa, m'ap touye yo. **25** Moyiz desann bò kote pèp la, li di
yo tout bagay.

20 Bondye pran pale, li di: **2** -Se mwen menm, Seyè
a, Bondye nou an, ki te fè nou soti nan peyi Lejip
kote nou te esklav la. **3** Piga nou gen lòt bondye pase
mwen menm sèlman. **4** Piga nou janm fè ankenn estati ni
ankenn pòtre ki sanble bagay ki anwo nan syèl la, osinon
bagay ki sou latè ou ankò nan dlo anba tè a. **5** Piga nou
adore yo, ni piga nou sèvi yo. Paske mwen menm, Seyè
a, Bondye nou an, mwen se yon Bondye ki fè jalouzi. Lè
yon moun rayi m', mwen fè pitit li, pitit pitit li ak pitit pitit
pitit li yo peye sa. **6** Men, lè yon moun renmen m', lè li fè
sa m' mande l' fè, m'ap moutre l' jan mwen renmen l' tou
ansanm ak tout pitit pitit li yo pandan mil jenerasyon. **7**
Piga nou sèvi mal ak non Seyè a, Bondye nou an, paske
Seyè a p'ap manke pa pini moun ki sèvi mal avèk non
li. **8** Toujou chonje jou repo a pou nou mete l' apa pou
mwen. **9** N'a travay sis jou. Lè sa yo n'a fè tou sa nou gen
pou fè. **10** Men, setyèm jou a, se jou repo pou nou mete
apa pou Seyè a, Bondye nou an. Jou sa a, nou p'ap fè
ankenn travay, ni nou menm, ni pitit gason nou, ni pitit
fi nou, ni moun k'ap travay lakay nou, ni bèt nou yo, ni
etranje ki lakay nou. **11** Paske, Seyè a te pran sis jou pou
l' fè syèl la, latè a ak lanmè a ansanm ak tou sa ki ladan
yo. Apre sa, sou setyèm jou a, li pran repo. Se poutèt sa,
Seyè a beni jou repo a, li mete l' apa pou li. **12** Respekte
manman nou ak papa nou pou nou ka viv lontan nan peyi
Seyè a, Bondye nou an, ban nou an. **13** Piga nou touye
moun. **14** Piga nou fè adiltè. **15** Piga nou pran sa ki pa
pou nou. **16** Piga nou bay manti sou frè parèy nou. **17**
Piga nou pote lanvi sou sa ki pa pou nou: ni sou kay frè
parèy nou, ni sou madanm li, ni sou moun k'ap sèvi lakay
li, ni sou bèf li, ni sou bourik li, ni sou ankenn lòt bagay ki
pou frè parèy nou. **18** Lè pèp la tande bri loraj la ak son
twonpèt la, lè yo wè kout zèklè sou kout zèklè, ak mòn lan
ki t'ap pouse lafimen, yo tranble sitèlman yo te pè. Yo
ret kanpe byen lwen. **19** Yo di Moyiz konsa: -Pito se ou
menm ki pale ak nou, n'a koute sa w'ap di. Men, si se
Bondye ki pou pale avèk nou, n'a mouri. **20** Moyiz di pèp
la: -Nou pa bezwen pè. Bondye vini pou wè kote nou ye
avèk li. Li vle pou nou toujou gen krentif pou li, pou nou
pa lage kò nou nan fè peche. **21** Men pèp la rete kanpe
byen lwen. Sèl Moyiz te pwoche kote nwaj nwa a kote
Bondye te ye a. **22** Seyè a di Moyiz: -Men sa pou ou di
moun pèp Izrayèl yo: Nou wè ki jan mwen ret nan syèl la
pou m' pale ak nou. **23** Piga n al fè lòt bondye an ajan
osinon an lò pou nou sèvi yo ansanm avè m'. **24** N'a bati
yon lòtèl an tè pou mwen. Se sou li n'a ofri bèt n'a touye
pou boule nèt yo ak bèt n'a touye pou di mèsi. Se sou li
n'a ofri mouton ak bèf nou yo. Chak kote m'a di nou pou
nou fè sèvis pou mwen, m'a vin jwenn nou la, m'a beni
nou. **25** Si nou fe yon lòtèl ak ròch pou mwen, pa travay
ròch n'a pran pou fè l' la. Paske lè ou travay yon ròch ak
sizo, li pa ka sèvi pou mwen ankò. **26** Piga nou sèvi ak
macheskalye pou nou moute sou lòtèl mwen pou moun
pa wè anba rad nou.

21 -Men regleman w'a mete devan moun pèp Izrayèl
yo: **2** Lè ou achte yon moun menm ras avè ou pou
sèvi ou esklav, li gen pou l' sèvi ou sizan. Lè setyèm lanne
a rive, l'a lib. L'a gen dwa al fè wout li san l' pa gen anyen
pou l' peye ou. **3** Si li te pou kont li lè l' te vini an, li va ale
pou kont li. Si li te gen madanm lè l' te vini an, madanm
lan va ale avè l'. **4** Si se mèt li ki te ba li madanm, epi
madanm lan te fè pitit pou li, ni pitit yo, ni manman lan
va rete pou mèt la. Msye va al fè wout li pou kont li. **5**
Men, si esklav la di: Mwen renmen mèt mwen, mwen
renmen madanm mwen ak pitit mwen yo, mwen pa vle vin
lib ankò, **6** enben, lè sa a, mèt la va mennen l' devan
Bondye. L'a fè l' pwoche bò pòt la, osinon bò chanbrann
pòt la, l'a pèse zòrèy li ak yon bagay pwenti. Konsa esklav
la va rete ap sèvi li jouk li mouri. **7** Lè yon nonm vann pitit
fi li pou sèvi esklav, pitit fi sa a pa ka lib ankò, jan yo ka
fè l' pou gason yo. **8** Si mèt la te fin dakò pou l' te pran
fi a pou madanm, epi si apre sa fi a pa fè l' plezi ankò,
msye va fè yon jan pou papa ak manman fi a achte l' nan
men li ankò. Men, li pa gen dwa vann li bay yon moun lòt
nasyon, paske se trayi l'a trayi fi a lè sa a. **9** Men, si li te
fè lide bay pitit gason l' fi a, se pou l' aji avè l' tankou si se
te pròp pitit fi li. **10** Si li pran yon lòt madanm sou li, li pa
gen dwa wete anyen sou sa li dwe l': ni sou manje l', ni
sou rad li, epi se pou l' toujou sevi ak li tankou madanm li.
11 Si li pa fè twa bagay sa yo pou li, madanm lan gen dwa

ale fè wout li, san li pa gen anyen pou l' peye mèt la, san
bay senk kòb. 12 Si yon moun leve men l' sou yon lòt, epi
li touye l', moun sa a, se pou yo touye l' tou. 13 Men, si se
pa espre li fè, si se Bondye ki fè lòt moun lan tonbe anba
men l', m'ap chwazi yon kote pou l' ale kache kò l'. 14
Men, si yon moun chache yon lòt kont, epi li fè plan pou li
touye l', li te mèt al kache bò kote lòtèl mwen an, se pou n
al pran l' pou nou touye l'. 15 Si yon moun leve men l' sou
papa l' osinon sou manman l', se pou yo touye l'. 16 Si
yon moun pran yon lòt pa fòs pou l' al vann li osinon pou
kenbe l' lakay li, se pou yo touye l'. 17 Si yon moun bay
papa l' osinon manman l' madichon, se pou yo touye l'.
18 Lè de moun gen kont, si yonn bay lòt yon koutwòch
osinon yon koutpwen, epi si sak resevwa kou a pa mouri,
men li blije pran kabann, men jan pou sa regle: 19 Si li
ka leve, si li ka mache pwonmennen ak baton, y'a fè pa
moun ki te ba l' kou a. Tansèlman, l'a gen pou l' peye lòt
la dedomajman pou tout jou li fè rete san travay, epi l'a
reskonsab pran swen l' jouk li geri. 20 Lè yon moun leve
men l' sou yon esklav li, kit se gason, kit se fi, pou ba li
koutbaton, si esklav la mouri frèt, se pou yo pini mèt la. 21
Men, si esklav la fè yon jou osinon de jou anvan l' mouri,
se pa nesesè pou yo pini mèt la, paske se lajan pa l' li te
mete deyò pou l' achte l'. 22 Lè gason ap goumen, si nan
voye kou yo frape yon fanm ansent, epi si fanm lan fè
foskouch san anyen ankò pa rive l', moun ki ba l' kou a va
peye dedomajman dapre sa mari a va mande. L'a peye
sa jij yo va deside. 23 Men, si malè rive fanm lan, y'a fè l'
peye lavi pou lavi, 24 yon je pou yon je, yon dan pou yon
dan, yon men pou yon men, yon pye pou yon pye, 25
boule pou boule, blese pou blese, foule pou foule. 26 Lè
yon moun frape yon esklav li nan je, kit se yon gason, kit
se yon fanm, si esklav la pèdi je a, mèt la va ba li libète l'
pou dedomajman pou je a. 27 Si se dan yon esklav li
rache, l'a ba li libète li pou dedomajman pou dan an. 28
Lè yon bèf touye yon gason osinon yon fanm ak koutkòn,
se pou yo touye l' ak koutwòch. Se pa pou yo manje
vyann lan, ni yo pa bezwen fè mèt bèf la peye anyen. 29
Men, si se pa premye fwa bèf la atake moun, si yo te pale
mèt li men mèt li pa t' fè anyen pou sa, si bèf la touye yon
gason osinon yon fanm, nan ka sa a y'ap toujou touye bèf
la ak koutwòch, epi y'a touye mèt la tou pou pini l'. 30
Men, si yo mande mèt bèf la pou l' peye pou l' ka sove
lavi pa l', se pou l' peye tou sa y'a mande l' la. 31 Si bèf la
atake yon ti gason osinon yon ti fi, se menm règleman an
ki pou fèt. 32 Si bèf la atake yon esklav, kit se gason, kit
se fi, mèt bèf la va bay mèt esklav la trant pyès an ajan.
Bèf la menm, y'a touye l' ak koutwòch. 33 Si yon moun
kite yon pi dekouvri, ou ankò si l'ap fouye yon pi epi li
kite l' san kouvèti, si yon bèf osinon yon bourik vin tonbe
ladan l', 34 se pou mèt pi a peye mèt bèt la sa bèt la vo.
Bèt mouri a menm va rete pou mèt pi a. 35 Si yon moun
gen yon bèf ki touye bèf yon lòt moun ak yon koutkòn,
de mesye yo va vann bèf vivan an, y'a separe lajan an
mwatye pou mwatye. y'a separe vyann bèf ki mouri a tou.
36 Men, si se pa premye fwa bèf la ap bay koutkòn, si yo
te pale mèt li men mèt li pa t' fè anyen pou sa, nan ka sa
a, mèt bèf la gen pou peye. L'a bay yon bèf vivan pou bèf
ki mouri a. Bèf mouri a menm va rete pou li.

22 Si yon moun vòlò yon bèf osinon yon mouton, si
li touye l' epi li vann li, li gen pou l' bay senk bèf pou
bèf li pran an osinon kat mouton pou mouton li pran an. 2
Si yo bare yon vòlè ap kase yon kay epi yo touye l', moun
ki touye l' la pa koupab. 3 Men, si sa rive apre solèy fin
leve, moun ki touye l' la koupab. Li gen pou l' peye pou li,
wè pa wè. Si li pa gen anyen, y'a vann li pou yo ka peye
pou sa l' te vòlò a. 4 Men, si yo jwenn bèt li te vòlò a vivan
nan men l' toujou, kit se bèf, kit se kabrit, kit se bourik, l'a
renmèt de pou yonn. 5 Si yon moun kite bèt li manje nan
jaden yon lòt, osinon nan jaden rezen li, si yon moun kite
bèt li lage pou yo fè kont dega nan jaden yon lòt moun, li
gen pou l' dedonmaje lòt moun lan. L'a ba li pi bon bagay
li gen nan jaden pa l' la osinon nan jaden rezen l' yo. 6
Si yon dife pran yon kote, li tonbe nan zèb chèch epi li
rive boule danre ki nan depo, osinon grenn ki fin keyi, ou
ankò yon jaden tou plante, moun ki lakòz dife a va peye
yon dedomajman. 7 Si yon moun pran lajan l' osinon yon
bagay ki gen anpil valè, li bay yon lòt moun sere l' pou li,
si yo rive vòlò bagay sa yo nan kay moun ki te sere yo
a, si yo jwenn vòlè a, vòlè a va gen pou renmèt de fwa
lavalè. 8 Men, si yo pa jwenn vòlè a, y'a mennen mèt kay
kote bagay yo te sere a devan lòtèl Bondye a, pou yo wè
si se pa li menm ki te pran bagay lòt moun lan. 9 Si yon
moun pèdi yon bagay, kit se yon bèf, osinon yon bourik,
ou ankò yon mouton, kit se yon rad ou nenpòt lòt bagay,
si lè yo jwenn sak te pèdi a yon lòt moun pretann di se
pou li li ye, y'a mennen yo tou de devan lòtèl Bondye a
pou regle sa. Moun Bondye va kondannen an va gen pou
l' bay lòt la de fwa lavalè pou dedomajman. 10 Si yon
moun bay yon frè parèy li gade yon bourik, yon bèf, yon
mouton, ou ankò nenpòt ki lòt bèt pou li, si bèt la mouri
osinon si malè rive l' ou ankò si piyajè pran l' san pesonn
pa wè sa, 11 lè sa a, y'a mande ni mèt bèt la ni gadò a
pou yo fè sèman devan lòtèl Bondye a. Moun ki t'ap gade
bèt la va deklare se pa li menm ki te pran bèt lòt moun
lan. Lè sa a, mèt bèt la va asepte pèt la. Gadò a p'ap gen
ankenn dedomajman pou l' bay. 12 Men si se vòlò yo te
vòlò bèt la nan men l', l'a gen pou l' peye mèt la kichòy.
13 Si se bèt nan bwa ki devore bèt la, l'a pote rès la pou
mèt bèt la ka wè ak de je l' se pa manti l'ap ba li. Li p'ap
gen anyen pou l' peye pou sa. 14 Si yon moun prete yon
bèt nan men yon frè parèy li, epi malè rive bèt la, osinon li
mouri an absans mèt li, se pou l' peye mèt bèt la kichòy.
15 Men, si mèt la te la lè malè a rive, moun lan pa gen
anyen pou l' peye. Si se yon bèt li te lwe, se pri li te lwe l'
la ase pou li bay. 16 Si yon nonm pran tèt yon jenn fi ki
poko fiyanse, epi li kouche avè l', li gen pou l' peye lajan
yo konn bay pou yon maryaj, epi se pou l' marye ak jenn fi
a. 17 Men, si papa jenn fi a refize kite l' marye avè l', tout

jan se pou msye peye lajan yo bay lè yo pral marye ak
yon fi ki tifi. 18 Se pou nou touye tout fanm k'ap fè maji.
19 Se pou yo touye tout moun ki kwaze ak zannimo. 20 Si
yon moun ofri bèt pou yo touye pou lòt bondye pase Seyè
a, se pou yo disparèt li tankou bèt y'ap ofri bay Bondye.
21 Piga nou maltrete moun lòt nasyon ki vin rete nan peyi
nou. Piga nou peze yo non plis, paske nou menm, chonje
nou te etranje tou nan peyi Lejip. 22 Piga nou maltrete ni
vèv yo, ni timoun san papa yo. 23 Si nou malmennen yo,
m'ap reponn yo lè y'a rele mande m' sekou. 24 m'a fache,
m'a fè nou mouri nan lagè. Konsa, madanm nou yo ap vin
vèv tou, pitit nou yo ap rete san papa tou. 25 Si nou prete
yonn nan frè parèy nou yo lajan, yonn nan pòv ki nan
mitan nou yo, piga nou fè tankou moun k'ap bay ponya
pou nou egzije l' peye enterè. 26 Si yon nonm plane levit
li lakay ou pou ou prete l' yon ti kòb, se pou ou renmèt li
rad li anvan solèy kouche. 27 Paske, se sèl rad li gen pou
l' mete sou li pou fredi pa bat li. Kisa pou l' mete sou li pou
l' kouvri aswè? Si li rele mande m' sekou, m'a reponn
li paske mwen gen bon kè. 28 Piga nou pale Bondye
mal. Piga nou bay chèf pèp la madichon. 29 Pa pran
reta pou n' ofri m' sa pou n' ofri m' nan rekòt danre nou
yo ak nan diven nou. n'a ban mwen premye pitit gason
nou yo. 30 N'a ban mwen tou premye pitit bèf nou yo ak
premye pitit mouton nou yo. Ti bèt la va pase sèt jou avèk
manman l'. Sou wityèm jou a n'a ofri l' ban mwen. 31 Se
pou nou mache tankou moun k'ap viv apa pou mwen.
Pa manje vyann bèt nou jwenn lòt bèt nan bwa devore.
Vyann konsa se chen pou nou jete l' bay.

23 Piga nou fè manti sou frè parèy nou. Lè n'ap sèvi
temwen, piga nou bay manti pou ede yon mechan.
2 Pa konprann pou nou fè sa ki mal paske nou wè se sa
tout moun ap fè. Lè n'ap sèvi temwen nan yon pwose,
piga nou pran pati pou bò ki gen plis moun lan lè nou
konnen se yo ki antò. 3 Konsa tou, lè gen pwose, se pa
paske yon moun pòv pou nou pran pati pou li. 4 Si nou pa
byen ak yon moun, epi nou jwenn bèf li osinon bourik li ki
kase kòd, se pou nou mennen l' ba li. 5 Si nou pa byen
ak yon moun, epi nou wè bourik li kouche anba yon chay,
pa vire do nou kite l' pou kont li. Se pou nou ede l' fè
bourik la kanpe. 6 Lè yon malere nan pwose, pa anpeche
yo fè l' jistis. 7 Evite fè manti sou moun pou akize yo.
Moun inonsan ak moun ki nan dwa yo, piga nou fè touye
yo, paske mwen p'ap padonnen moun ki fè bagay konsa.
8 Lè n'ap sèvi temwen nan yon kòz, pa pran lajan anba
nan men moun, paske lajan konsa bouche je nou, li fè
nou pa wè kote jistis la ye. Li fè moun ki pa antò a pèdi
kòz li. 9 Piga nou aji mal ak moun lòt nasyon k'ap viv nan
peyi a. Paske, nou menm tou, yon lè, nou te etranje nan
peyi Lejip, kifè nou konnen sa ki rele viv nan lòt peyi. 10
Pandan sizan n'a travay tè a, epi n'a ranmase sa li bay.
11 Men, sou setyèm lanne a, n'a kite tè a poze. Menm si li
bay kichòy, nou p'ap ranmase anyen sou li. N'a kite rekòt
la pou pòv malere yo. Rès la va rete pou bèt nan bwa
manje. N'a fè menm bagay la tou pou jaden rezen ak
jaden oliv nou yo. 12 N'a travay sis jou. Men setyèm jou
a, n'a sispann travay, n'a pran repo. Konsa, bèf nou yo
ak bourik nou yo, moun k'ap sèvi avèk nou yo ansanm
ak etranje ki lakay nou yo va ka pran repo tou. 13 Se
pou nou swiv tou sa mwen sot di nou la a. Pa lapriyè lòt
bondye, piga mwen tande non yo soti nan bouch nou.
14 Twa fwa chak lanne, n'a fè fèt pou mwen. 15 N'a fè
fèt Pen san ledven yo. Jan mwen te ban nou lòd la, n'a
manje pen san ledven pandan sèt jou nan epòk yo fikse
nan mwa Abib la. Paske se nan mwa sa a nou te soti kite
peyi Lejip. Lè sa a, nou p'ap gen dwa parèt devan m' de
men vid. 16 Apre sa, n'a fete fèt Premye Rekòt la lè nou
fèk konmanse rekòlte grenn nou simen nan jaden nou yo.
N'a fete fèt Dènye Rekòt la menm vè fen lanne a, lè n'ap
fin rekòlte tou sa ki nan jaden nou yo. 17 Twa fwa chak
lanne, tout gason nan pèp la va parèt devan mwen menm
Seyè a, Bondye a. 18 Lè n'ap touye yon bèt pou mwen,
piga nou ofri san an ansanm ak pen ki fèt ak ledven. Piga
nou sere grès bèt la tout lannwit jouk denmen maten.
19 N'a pran pi bèl fwi nan premye rekòt jaden nou, n'a
pote yo bay Seyè a, Bondye nou an, lakay li, Piga ou kwit
yon ti kabrit nan lèt manman li. 20 Men m'ap voye yonn
nan zanj mwen yo devan nou pou pwoteje nou sou wout
la, pou l' fè nou rive san danje kote mwen pare pou nou
an. 21 Veye kò nou devan li. Koute sa l'ap di nou. Pa
kenbe tèt avè l'. Si nou fè sa, li p'ap padonnen nou sa
paske se nan non mwen l'ap fè tou sa l'ap fè a. 22 Men,
si nou koute sa li di nou, si nou fè tou sa mwen di nou fè,
m'ap rayi moun ki rayi nou, mwen p'ap vle wè moun ki pa
vle wè nou. 23 Zanj mwen an va mache devan nou, l'ap
mennen nou nan peyi moun Amori yo, peyi moun Et yo,
peyi moun Ferezi yo, peyi moun Kanaran yo, peyi moun
Evi yo ak peyi moun Jebis yo. M'ap detwi yo tout. 24
Piga nou mete ajenou devan bondye lòt nasyon yo. Piga
nou janm sèvi yo. Pa fè menm jan ak moun lòt nasyon
yo. Se pou nou detwi bondye yo nèt, se pou nou kraze
tout moniman yo fè pou yo. 25 Se mwen menm Seyè a,
Bondye nou an, pou nou sèvi. M'ap beni nou, m'ap ban
nou manje pou n' manje, dlo pou nou bwè. Mwen p'ap
kite maladi tonbe sou nou. 26 Nan peyi nou an p'ap gen
fanm k'ap fè foskouch, ni fanm ki p'ap ka fè pitit. M'ap kite
nou viv jouk nou fin granmoun. 27 M'ap fè tout moun pè
nou. Kote nou pase, m'ap fè moun pèdi tèt yo. M'ap fè
tout lènmi nou yo pran rak devan nou. 28 m'a voye gwo
gèp devan nou, y'a fè moun Evi yo, moun Kanaran yo ak
moun Et yo kouri byen lwen nou. 29 Mwen p'ap fè yo ale
tout ansanm yon sèl kou, yon sèl lanne, pou peyi a pa
tounen savann, pou bèt nan bwa yo pa vin twòp pou nou.
30 Men, piti piti m'ap mete yo deyò, jouk n'a gen plis moun
pou nou ka pran tout peyi a pou nou. 31 M'ap fè fwontyè
peyi nou an konmanse depi sou lanmè Wouj la rive jouk
sou lanmè Mediterane, depi sou dezè a al bat sou larivyè
Lefrat la. M'ap lage tout moun nan peyi a anba men nou,
n'ap chase yo met deyò devan nou. 32 Piga nou pase
ankenn kontra ak moun sa yo, ni ak bondye yo. 33 Se pa

pou yo rete nan peyi nou an, pou yo pa ankouraje nou fè
peche kont mwen. Si nou sèvi bondye moun sa yo, sa ka
yon malè pou nou.

24 Apre sa, Bondye di Moyiz: -Moute sou mòn lan
bò kote m' ansanm ak Arawon, Nadab, Abiyou ak
swasanndis nan chèf fanmi pèp Izrayèl la. N'a rete yon
distans, n'a bese tèt nou jouk atè pou adore m'. **2** Apre sa,
Moyiz va pwoche pou kont li, l'a vin bò kote m'. Piga lòt yo
pwoche. Pèp la menm pa pou moute avè yo. **3** Moyiz ale,
li rapòte bay pèp la tou sa Seyè a te di l' yo ansanm ak
tout lòd li te bay yo. Tout pèp la reponn ansanm: -N'a fè
tou sa Seyè a di nou fè. **4** Moyiz ekri tou sa Seyè a te di l'
yo. Nan denmen maten, byen bonè, lè Moyiz leve, li bati
yon lòtèl nan pye mòn lan. Li pran douz gwo ròch, yonn
pou chak branch fanmi pèp Izrayèl la, li mete yo kanpe. **5**
Apre sa, li pran kèk jenn gason nan moun Izrayèl yo, li
voye yo al ofri bèt pou touye bay Seyè a: yo ofri bèt yo te
boule nèt pou Seyè a. Yo touye kèk towo bèf pou di Seyè
a mèsi. **6** Moyiz pran mwatye nan san an, li mete l' nan
ganmèl. Lòt mwatye a, li vide l' sou lòtèl la. **7** Lèfini, li pran
liv kontra a, li li l' pou tout pèp la ka tande. Apre sa, pèp la
di: -N'a fè tou sa Seyè a mande nou fè, n'a obeyi l'. **8** Lè
sa a, Moyiz pran san ki te nan ganmèl yo, li voye l' sou
pèp la, li di: -San sa a sèvi pou siyen kontra Seyè a pase
ak nou an, dapre pawòl li di yo. **9** Moyiz moute sou mòn
lan ansanm ak Arawon, Nadab, Abiyou ak swasanndis
nan chèf fanmi pèp Izrayèl la. **10** Yo te wè Bondye pèp
Izrayèl la. Anba pye l', te gen yon bagay plat fèt ak bèl
pyè kristal ble yo rele safi. Li te klè tankou syèl la lè pa
gen yon ti nwaj menm ladan li. **11** Seyè a pa t' fè chèf pèp
Izrayèl yo anyen. Se konsa yo te wè Bondye. Aprè sa, yo
manje epi yo bwè. **12** Seyè a di Moyiz konsa: -Moute sou
mòn lan bò kote m'. Rete la. m'a ba ou de ròch plat avèk
lalwa ak regleman mwen te ekri sou yo pou fè levasyon
pèp la. **13** Moyiz leve ansanm ak Jozye, adjwen li a, yo
moute sou mòn Bondye a. **14** Anvan Moyiz te ale, li di
chèf fanmi yo: -Rete tann nou isit la jouk nou tounen. Men
Arawon ak Our ap rete ak nou. Si yon moun bezwen regle
yon pwoblèm, li mèt al jwenn yo. **15** Moyiz moute sou
mòn lan, epi nwaj kouvri mòn lan nèt. **16** Pouvwa Seyè a
desann sou mòn Sinayi a. Nwaj kouvri mòn lan pandan
sis jou. Sou setyèm jou a, Seyè a rete nan nwaj la, li rele
Moyiz. **17** Pou moun pèp Izrayèl yo menm, pouvwa Seyè
a te parèt tankou yon gwo dife ki t'ap boule sou tèt mòn
lan. **18** Moyiz antre nan mitan nwaj la, li moute sou mòn
lan. Moyiz pase karant jou ak karant nwit sou mòn lan.

25 Seyè a pale ak Moyiz, li di l': **2** -Pale ak moun
Izrayèl yo. Di yo pote yon ofrann ban mwen. W'a
resevwa l' pou mwen nan men tout moun ki vle bay ak kè
kontan. **3** Men ofrann pou ou resevwa nan men yo: lò,
ajan ak kwiv, **4** bon twal koulè violèt, ble ak wouj, twal
fen blan, twal fèt ak pwal kabrit, **5** po belye tenn koulè
wouj ak po bazann, bwa zakasya, **6** lwil pou gwo lanp sèt
branch lan, epis santi bon pou mete nan lansan an ak nan
lwil yo sèvi pou mete moun apa pou sèvis Bondye a, **7**
pyè oniks ak lòt pyè pou gani jile ak plastwon granprèt la.
8 y'a mete yon kote apa pou mwen pou m' ka vin rete
nan mitan yo. **9** W'a fè tant lan ak tout bagay ki pou ale
ladan l', dapre modèl mwen pral ba ou a. **10** y'a pran bwa
zakasya, y'a fè yon gwo bwat. Bwat la va mezire twa pye
nèf pous longè, de pye twa pous lajè, de pye twa pous
wotè. **11** W'a kouvri l' nèt, anndan kou deyò, ak pi bon
klas lò ki genyen. Epi w'a mete yon bòdi an lò fè wonn
li. **12** W'a fonn lò a fè kat gwo bag tou won. W'a moute
yonn sou chak kwen bwat la, de chak bò. **13** W'a pran
de jenn poto zakasya, w'a kouvri yo nèt ak lò. **14** W'a
pase poto yo nan twou bag yo, sou de bò bwat la. Poto sa
yo va sèvi manch pou pote bwat la. **15** Se pou poto yo
toujou rete nan bag yo, san yo pa janm wete yo. **16** Mwen
pral ba ou de ròch plat ki va sèvi pou nou toujou chonje
m'. W'a mete yo nan bwat la. **17** W'a pran pi bon lò ki
genyen, w'a fè yon kouvèti pou bwat la. L'a mezire twa
pye nèf pous longè sou de pye twa pous lajè. **18** W'a fè
pòtre de zanj cheriben an lò. y'a pran lò a, y'a bat li ak
mato pou yo fè pòtre yo. W'a mete yo anwo kouvèti a, **19**
yonn sou bò dwat, yonn sou bò gòch. W'a kole yo byen
kole sou kouvèti a pou yo fè kò avè l'. **20** Zanj cheriben
yo va louvri zèl yo anwo tèt yo, konsa y'a kouvri kouvèti
a. Se pou yo yonn anfas lòt, avèk tèt yo bese ap gade
kouvèti a. **21** W'a mete kouvèti a sou bwat la. Nan bwat la
menm, w'a mete de ròch plat mwen pral ba ou pou nou ka
toujou chonje mwen. **22** Se la m'a toujou kontre avè ou.
m'a rete anwo kouvèti a, nan mitan de zanj cheriben yo,
m'a ba ou tout lòd mwen gen pou m' ba ou yo pou moun
Izrayèl yo. **23** W'a fè yon tab an bwa zakasya. Desi tab la
va mezire twa pye longè, yon pye sis pous lajè ak de pye
twa pous wotè. **24** W'a kouvri l' nèt ak pi bon lò ki genyen.
W'a mete yon bòdi an lò fè wonn li. **25** W'a mete yon
ankadreman kat pous lajè anba desi a fè wonn tab la.
Epi w'a kouvri tout ankadreman an ak yon plak lò. **26**
W'a fonn lò a fè kat gwo bag tou won pou tab la. W'a
moute yo nan kat kwen tab la kote pye yo moute a. **27**
W'a moute bag yo toupre ankadreman an. Se nan twou
bag yo pou ou pase poto bwa zakasya ki pou sèvi pou
pote tab la. **28** W'a fè poto yo ak bwa zakasya, epi w'a
kouvri yo nèt ak lò. Se ak poto sa yo pou yo sèvi pou pote
tab la. **29** W'a fè asyèt, bòl, tas, kafetyè. W'a mete yo
apa pou mwen. W'a fè yo ak pi bon lò ki genyen. Se ak
yo pou nou sèvi lè n'ap fè sèvis pou mwen. **30** Epi w'a
toujou mete sou tab la pen yo ofri ban mwen yo. Wi, se
pou pen yo tout tan la devan mwen. **31** W'a fè yon gwo
lanp sèt branch ak pi bon lò ki genyen. y'a pran yon sèl
gwo mòso lò, y'a bat li ak mato pou fè pye gwo lanp sèt
branch lan ansanm ak tout kò li. y'a fè pòtre bèl flè, flè an
bouton, flè louvri, sou tout kò li. Yo tout va fè yon sèl pyès
ak pye lanp lan. **32** Gwo lanp lan va gen sèt branch, yonn
kanpe dwat nan mitan ak twa branch chak bò. **33** Sou
chak branch sou kote yo, y'a fè pòtre twa flè nwa kajou ak
tout boujon yo. **34** Sou branch ki nan mitan an va gen

kat flè nwa kajou ak tout boujon yo. **35** W'a mete yon ti
boujon anba chak pè branch sou kote yo. **36** Boujon yo
ak branch yo va fè yon sèl pyès ak pye gwo lanp lan. Se
va yon sèl pyès lò y'a bat ak mato pou ba li fòm yo vle a.
37 y'a fè sèt lanp pou gwo lanp lan, y'a moute yo sou li
yon jan pou yo ka klere sou devan. **38** N'a fè pensèt pou
netwaye gwo lanp lan ak plato pou resevwa sann lan. W'a
fè yo ak pi bon lò ki genyen. **39** N'a pran swasannkenz liv
bon lò pou fè gwo lanp lan ansanm ak tout bagay pou
sèvi ak gwo lanp lan. **40** Gade byen pou ou ka fè tout
bagay dapre modèl mwen te moutre ou sou mòn lan.

26 N'a fè tant kote pou Bondye rete a ak dis lèz twal
fen blan tise byen sere, ansanm ak lenn koulè ble,
violèt ak wouj. W'a fè yo bwode bèl pòtre zanj cheriben
byen fèt sou tout twal la. **2** Chak lèz twal va gen katòz
mèt longè, de mèt lajè. Yo tout va menm gwosè. **3** N'a
koud lèz yo ansanm, senk yon bò, senk yon lòt bò. **4** Lè
w'a fin koud senk premye lèz yo ansanm, w'a fè pasan ak
kòdon ble sou tout bòdi senk premye lèz yo. W'a fè menm
jan an tou ak senk lòt lèz yo. **5** W'a fè senkant pasan
nan premye lèz premye gwoup la, ak senkant pasan nan
dènye lèz dezyèm gwoup la. W'a fè yo koresponn de pa
de. **6** W'a fè senkant ti kwòk an lò ki va sèvi pou kole de
gwoup lèz yo yonn ak lòt pou yo fè yon sèl tant. **7** W'a fè
onz lèz twal ak pwal kabrit pou fè yon gwo tant pou kouvri
kay Bondye a. **8** Chak lèz va gen kenz mèt longè ak de
mèt lajè. Yo tout va menm gwosè. **9** W'a pran senk ladan
yo, w'a koud yo ansanm. Apre sa, w'a pran lòt sis yo,
w'a koud yo ansanm tou. W'a pliye sizyèm lèz la an de
sou devan tant lan. **10** W'a mete senkant pasan sou bòdi
premye lèz premye gwoup la, ak senkant pasan sou bòdi
dènye lèz dezyèm gwoup la. **11** W'a fè senkant ti kwòk
an kwiv, w'a pase yo nan pasan yo pou kole de gwoup
lèz yo ansanm pou fè yon sèl tant. **12** Mwatye lèz ki an
plis la va bat sou dèyè kay Bondye a pou kouvri l'. **13**
Menm jan an tou, lèz ki sou kote yo pral gen yon pye
edmi k'ap depase. Sa ki an plis la pral desann sou bò
kay Bondye a pou kouvri l'. **14** W'a fè yon kouvèti ak po
belye pou tant lan. W'a tenn li wouj. Apre sa, w'a fè yon
lòt kouvèti ak po bazann pou kouvri tant Bondye a. **15**
W'a pran bwa zakasya pou fè planch ankadreman pou
soutni tant Bondye a. **16** Chak ankadreman va gen kenz
pye longè sou vensèt pous lajè. **17** Yo chak va gen de
bout depase ki va penmèt yo kole yonn ak lòt. **18** Lè w'ap
fè ankadreman yo, w'a fè ven pou bò sid la. **19** W'a fè
karant sipò an ajan pou ale anba ankadreman yo, de sipò
anba chak ankadreman. Se ladan yo bout ki depase yo va
chita. **20** Konsa tou, w'a fè ven ankadreman pou bò nò a
21 ak karant sipò an ajan, de pou chak ankadreman. **22**
W'a fè sis ankadreman pou dèyè tant Bondye a, sou bò
lwès la, **23** ak de ankadreman pou chak kwen ki sou dèyè
tant Bondye a. **24** Ankadreman kwen yo va mare yonn ak
lòt pa anba. y'a bout-a-bout depi anba jouk anwo kote
gwo bag la. Se konsa w'a moute de ankadreman k'ap fè
kwen yo. **25** Konsa, va gen wit ankadreman avèk sèz sipò
an ajan, de sipò anba chak ankadreman. **26** W'a fè travès
ak bwa zakasya, senk pou ankadreman sou bò sid tant
Bondye a, **27** senk pou ankadreman sou bò nò a, senk
pou ankadreman ki sou bò lwès la, pa dèyè. **28** Travès
mitan an, k'ap pase nan ren ankadreman yo, va soti nan
yon bout pou ale nan yon lòt bout. **29** W'a kouvri tout kò
ankadreman yo ak lò. W'a moute gwo bag an lò sou yo
pou kenbe travès yo. W'a kouvri travès yo ak lò tou. **30**
W'a fè tant lan dapre modèl mwen te moutre ou sou mòn
lan. **31** W'a fè yon rido ak bon twal koulè ble, violèt ak
wouj ansanm ak twal fen blan tise byen sere. y'a bwode
bèl pòtre zanj cheriben byen fèt sou tout rido a. **32** W'a
pann rido a sou kat poto an bwa zakasya. Poto yo va
kouvri ak lò. y'a gen kwòk an lò moute sou yo. y'a chita
sou kat sipò an ajan. **33** Mete rido a anba kwòk ki nan
twati tant lan. W'a mete Bwat Kontra a dèyè rido a. Rido a
va separe kote ki apa apa nèt pou Bondye sèlman an
ak rès tant Bondye a. **34** W'a mete kouvèti a sou Bwat
Kontra ki nan kote ki apa apa nèt pou Bondye a. **35** W'a
mete tab la pa deyò rido a. Mete gwo lanp sèt branch lan
sou bò sid tant lan, an fas tab la. Tab la menm va sou bò
nò a. **36** Konsa tou, w'a fè yon rido an bon twal ble, violèt
ak wouj ansanm ak twal fen blan tise byen sere. Rido a
va sèvi pou fèmen kote yo pase pou antre nan tant lan.
y'a fè bèl bodri sou tout rido a. **37** Pou kenbe rido a, w'a
fè senk poto an bwa zakasya, w'a kouvri yo ak lò, w'a
moute ti kwòk an lò sou yo. y'a chita sou senk sipò an
kwiv.

27 W'a fè yon lòtèl an bwa zakasya. L'a kare kare. L'a
mezire sèt pye sis pous longè sou sèt pye sis pous
lajè ak kat pye sis pous wotè. **2** W'a travay kat kòn sou
kat kwen lòtèl la. Se pou kòn yo fè yon sèl pyès ak lòtèl
la. Apre sa, w'a kouvri tout ak kwiv. **3** Pou lòtèl la, w'a fè
pèl, kivèt, fouchèt, recho ak plato pou resevwa sann. Tout
bagay sa yo va fèt an kwiv. **4** Pou lòtèl la toujou, w'a fè
yon griyaj an kwiv, tankou griy yo sèvi pou griye vyann.
W'a mete kat gwo bag an kwiv nan kat pwent griyaj la. **5**
W'a mete griyaj la anba rebò lòtèl la, pou l' soti anba rive
mwatye wotè lòtèl la. **6** W'a fè baton an bwa zakasya
ki va sèvi manch pou lòtèl la. W'a kouvri yo an kwiv. **7**
W'a pase manch yo nan gwo bag yo. Manch yo va sou
chak bò lòtèl la lè y'ap pote l'. **8** Lòtèl la va fèt an planch.
Anndan li va rete tou vid. W'a fè l' dapre modèl mwen te
moutre ou sou mòn lan. **9** W'a fè yon galeri wonn kay la.
Sou bò sid la, w'a moute yon seri rido fèt ak lèz twal fen
blan tise byen sere, sou senkant mèt longè pou bò sa
a. **10** Pou kenbe rido yo, va gen ven poto an kwiv chita
sou ven sipò an kwiv tou. Men, kwòk ki sou poto yo ak
trenng ki pou soutni rido yo va fèt an ajan. **11** Menm jan
an tou, sou bò nò a va gen yon seri rido fèt ak lèz twal
sou senkant mèt longè pou bò sa a, avèk ven poto an
kwiv chita sou ven sipò an kwiv tou. Kwòk yo ak trenng yo
va fèt an ajan. **12** Sou bò lwès la, va gen yon galeri tou.
W'a moute yon seri rido sou vennsenk mèt longè ak dis

poto chita sou dis sipò. 13 Sou bò lès la, galeri a va gen
swasannkenz pye lajè. 14 Sou bò gòch pòt antre a, y'a
moute rido sou yon longè vennde pye sis pous avèk twa
poto chita sou twa sipò. 15 Sou bò dwat la tou, y'a moute
rido sou yon longè vennde pye sis pous avèk twa poto
chita sou twa sipò. 16 Pou pòt antre a menm, va gen yon
rido trant pye longè, fèt ak twal siperyè koulè ble, violèt ak
wouj ansanm ak twal fen blan tise byen sere, dekore avèk
bodri. Se kat poto chita sou kat sipò ki pou soutni rido a.
17 Tout poto ki fè wonn galeri a va gen trenng fèt an ajan,
kwòk fèt an ajan ak sipò fèt an kwiv. 18 Galeri a va gen
sansenkant pye longè, swasannkenz pye lajè ak sèt pye
sis pous wotè. Rido yo va fèt ak twal fen blan tise byen
sere. Sipò yo va fèt an kwiv. 19 Tout bagay ki la pou sèvi
nan tant lan, tout pikèt pou tant lan ak pou galeri a, tou sa
gen pou fèt an kwiv. 20 W'a pase pèp Izrayèl la lòd pou
yo pote ba ou pi bon kalite lwil oliv ki genyen pou lanp yo.
Konsa, lanp lan va toujou ka rete limen. 21 Se Arawon
ak pitit li yo ki va mete lwil nan lanp sa a, ki nan Tant
Randevou a pa deyè rido a, devan Bwat Kontra a. Se
la gwo lanp lan va limen devan Seyè a depi aswè jouk
maten. Se pou moun Izrayèl yo swiv lòd sa a pou tout tan,
de pitit an pitit.

28 W'a pran Arawon ak pitit li yo: Nadab, Abiyou,
Eleaza, Itama, w'a wete yo nan mitan moun Izrayèl
yo, w'a fè yo vin jwenn ou. W'a mete yo apa pou yo sèvi
m' prèt. 2 W'a fè rad pou Arawon, frè ou la, rad pou li
mete lè l'ap fè sèvis, pou l' ka byen abiye, pou moun ka
rekonèt grad li. 3 W'a pale ak atizan ki konnen metye yo
byen. Se mwen menm ki ba yo tout ladrès yo genyen an.
W'a mande yo pou yo fè rad Arawon yo, pou ou ka mete l'
apa pou mwen pou l' ka sèvi m' prèt. 4 Men ki rad pou yo
fè: yon plastwon, yon jile, yon gwo rad long, yon chemiz
byen bwode, yon gwo mouchwa pou vlope tèt ak yon
sentiwon. y'a fè rad sa yo pou Arawon, frè ou la, ak pou
pitit li yo pou yo ka sèvi m' prèt. 5 Pou fè travay la, atizan
yo va sèvi ak lò ak twal siperyè koulè ble, violèt ak wouj
ansanm ak twal fen. 6 y'a fè jile a ak lò ak twal siperyè
koulè ble, violèt ak wouj ansanm ak twal fen blan tise byen
sere. y'a fè bèl bodri byen fèt sou li. 7 Va gen de zèpòlèt,
yonn chak bò jile a. Se yo ki pou tache moso devan an ak
moso dèyè a ansanm. 8 Bèl sentiwon byen bwode ki pou
kenbe jile a va fè yon sèl pyès ak li, ak menm kalite bodri
a sou li tou. y'a fè l' an lò ak twal siperyè koulè ble, violèt
ak wouj, ansanm ak twal fen blan tise byen sere. 9 W'a
pran de pyè oniks, w'a grave non branch fanmi douz pitit
Izrayèl yo sou yo. 10 W'a grave non sis sou yon pyè, ak
non sis sou lòt la, dapre laj yo, depi pi gran an jouk pi piti
a. 11 Avèk ladrès òfèv ki konn grave non sou bag, ou
ankò ladrès atizan ki konn fè so, w'a grave non branch
fanmi pèp Izrayèl yo sou de pyè yo, epi w'a moute pyè yo
chak sou yon moso lò. 12 W'a moute yo sou de zèpòlèt
jile a pou yo pa bliye branch fanmi pèp Izrayèl yo. Konsa,
Arawon va pote non yo sou zepòl li pou Seyè a pa janm
bliye yo. 13 W'a pran de moso lò pou moute pyè yo sou
yo. 14 W'a fè de ti chenn ak pi bon kalite lò ki genyen.
Chenn yo va trese tankou ti kòdon. W'a tache yo sou
moso lò yo. 15 W'a fè yon plastwon pou yo mete bagay
y'a sèvi pou chache konnen sa Bondye vle. Se yon bon
atis ki pou fè travay bodri a tankou pou jile a. W'a fè l' an
lò ak twal siperyè koulè ble, violèt ak wouj ansanm ak twal
fen blan tise byen sere. 16 Plastwon an va mezire nèf
pous kare kare, l'a double. 17 W'a moute kat ranje pyè
sou li. Nan premye ranje a, va gen yon pyè woubi, yon
pyè topaz ak yon pyè emwòd. 18 Nan dezyèm ranje a, va
gen yon pyè malachi, yon pyè safi ak yon pyè dyaman.
19 Nan twazyèm ranje a, va gen yon pyè opal, yon pyè
agat ak yon pyè ametis. 20 Nan katriyèm ranje a, va gen
yon pyè krizolit, yon pyè oniks ak yon pyè jasp. y'a moute
tout pyè sa yo chak sou yon moso lò. 21 Va gen douz pyè
ak non branch fanmi pèp Izrayèl yo grave sou yo, yon non
sou chak pyè. y'a grave non yo tankou lè òfèv ap grave
bag. 22 W'a pran pi bon kalite lò ki genyen, w'a fè de ti
chenn pou plastwon an. W'a trese yo tankou ti kòdon. 23
W'a fè de ti bag an lò, w'a tache yo nan de bout anwo
plastwon an. 24 W'a mare de ti chenn yo nan de bag yo.
25 W'a pran de lòt bout chenn yo, w'a fè yo pase pa devan
jile a, w'a tache yo sou de moso lò ki sou zèpòlèt jile a. 26
W'a fè ankò de lòt bag an lò, w'a tache yo nan de bout
anba plastwon an sou lanvè, nan bòdi a toupre jile a. 27
W'a fè de lòt bag an lò ankò, w'a tache yo anba zèpòlèt
jile a pa devan, toupre kouti a anwo tèt sentiwon bwode a.
28 y'a mare de bag plastwon an ak de bag jile a ansanm
ak yon kòdon ble pou plastwon an bat sou sentiwon jile
a. Konsa, plastwon an p'ap ka soti detache sou jile a.
29 Lè Arawon va antre nan kote ki apa pou Bondye a,
l'a pote non branch fanmi pèp Izrayèl yo sou kè l', sou
plastwon an, konsa Seyè a p'ap janm bliye yo. 30 W'a
mete nan plastwon an ourim yo ak toumim yo. Konsa,
Arawon va pote yo sou kè l' lè l'ap parèt devan lòtèl Seyè
a. Lè l'a kanpe devan lòtèl Seyè a, l'a toujou pote sou kè l'
sa li sèvi pou fè pèp Izrayèl la konnen volonte m'. 31 W'a
pran twal ble pou fè rad ki ale anba jile a. 32 Nan mitan
rad la, w'a fè yon twou pou l' pase tèt li. W'a mete yon
doubli nan ankoli a, tankou yo fè l' pou varèz an po bèt
yo, pou li pa chire. 33 Sou tout woulèt anba rad la, w'a
pran twal ble, violèt ak wouj, w'a fè bodri an fòm grenad
ak ti klòch an lò nan mitan yo. 34 Sou tout woulèt rad la
va gen yon grenad, yon ti klòch, yon grenad, yon ti klòch,
jouk yo fè tout tou rad la. 35 Se rad sa a Arawon va mete
sou li lè li pral fè sèvis. Lè l'ap antre kote yo mete apa
pou Bondye a pou l' parèt devan lòtèl Seyè a, ansanm
ak lè l'ap soti, y'a tande ti klòch yo ap sonnen. Konsa li
p'ap mouri. 36 W'a fè fè yon ti plak ak pi bon kalite lò ki
genyen. Tankou lè y'ap fè so, w'a grave pawòl sa a sou li:
Apa pou Seyè a. 37 W'a mare l' sou devan mouchwa tèt
la avèk yon ti kòdon ble. 38 Arawon va mete l' sou fwon li,
konsa Arawon va pran sou tèt li tou sa pèp Izrayèl la va fè
ki mal lè y'ap pote ofrann apa yo bay Seyè a. Arawon va
toujou pote l' sou fwon li pou ofrann yo ka toujou fè Seyè

a plezi. **39** W'a fè chemiz la ak mouchwa tèt la ak twal fen
blan, ansanm ak yon sentiwon bwode byen bèl. **40** W'a fè
rad, sentiwon ak bonnèt pou pitit gason Arawon yo tou,
pou yo ka byen abiye pou moun ka rekonèt grad yo. **41**
Apre sa, w'a mete rad yo sou Arawon, frè ou la, ansanm
ak pitit gason l' yo. Lèfini, w'a vide lwil sou tèt yo, w'a ba
yo pouvwa pou yo fè sèvis Bondye. W'a mete yo apa pou
mwen pou yo ka sèvi m' prèt. **42** W'a fè kalson ak twal fen
pou yo pou kò yo pa parèt anba rad la. Kalson yo va pran
depi nan ren desann wotè jenou yo. **43** Se pou Arawon ak
pitit gason l' yo toujou pote kalson yo lè y'ap antre nan
Tant Randevou a, osinon lè y'ap pwoche bò lòtèl la pou fè
sèvis nan kote ki apa pou Bondye a. Konsa, yo p'ap fè sa
ki mal, yo p'ap mouri. Sa se yon lwa k'ap la pou tout tan
pou Arawon ak tout pitit pitit gason li yo apre li.

29 Men sa ou gen pou fè pou mete Arawon ak pitit
gason l' yo apa pou mwen pou yo ka sèvi m' prèt.
Pran yon jenn ti towo bèf ak de belye mouton ki san defo.
2 W'a pran bon farin frans, w'a fè kèk pen san ledven, kèk
gato san ledven, men ak lwil melanje nan pa t' la. W'a fè
tou kèk gato plat san ledven wouze ak lwil. **3** Mete yo nan
yon panyen. Ofri yo ban mwen nan panyen an ansanm
ak ti towo a ak de belye mouton yo. **4** W'a fè Arawon
ansanm ak pitit gason l' yo vanse jouk devan pòt Tant
Randevou a. W'a benyen yo nan dlo. **5** Apre sa, w'a pran
rad yo, w'a biye Arawon. W'a mete chemiz la, rad la, jile a
ak plastwon an sou li. W'a mare sentiwon an nan ren li. **6**
W'a mete mouchwa a nan tèt li. W'a mare plak ki make
Apa pou Seyè a, sou mouchwa a. **7** Lèfini, w'a pran lwil
pou mete moun apa a, w'a vide l' sou tèt Arawon. Konsa,
w'a mete l' apa pou mwen. **8** W'a fè pitit li yo pwoche, w'a
mete chemiz yo sou yo. **9** W'a pase sentiwon nan ren yo,
w'a mete bonnèt yo nan tèt yo. Se yo menm k'ap sèvi m'
prèt dapre yon lwa ki la pou tout tan. Se konsa w'a bay
Arawon ak pitit gason l' yo pouvwa pou fè sèvis Bondye.
10 Mennen towo bèf la devan Tant Randevou a. Arawon
ak pitit gason l' yo va mete men yo sou tèt li. **11** W'a touye
towo a la devan Seyè a, devan pòt Tant Randevou a. **12**
W'a tranpe dwèt ou nan san towo a. W'a mete ti degout
san sou kat kòn lòtèl la. Apre sa, w'a vide tout rès san
an atè nan pye lòtèl la. **13** Lèfini, w'a pran grès ki vlope
tripay yo, mas grès ki sou fwa a ansanm ak de wonyon yo
ak tout grès yo, w'a ofri yo ban mwen. W'a boule yo nèt
sou lòtèl la. **14** Men w'a pran tout vyann lan, po a ak tout
tripay la, w'a boule yo andeyò limit kote nou rete a. Se va
yon ofrann bèt y'ap touye pou Bondye ki va sèvi pou wete
peche moun fè san yo pa konnen. **15** W'a pran yonn nan
belye mouton yo. Arawon ak pitit gason l' yo va mete men
yo sou tèt li. **16** W'a touye l', w'a pran san an, w'a vide
l' tout arebò lòtèl la. **17** W'a dekoupe belye a an divès
moso. W'a lave tonbe a ansanm ak pye yo. W'a mete yo
anwo moso vyann yo ansanm ak tèt la. **18** W'a ofri tout
belye a ban mwen. W'a boule l' nèt sou lòtèl la. Sa se yon
ofrann bèt w'a boule nèt pou Seyè a, yon ofrann bèt ki fèt
pou boule nèt nan dife, yon ofrann bèt k'ap fè Seyè a
plezi ak bon sant li. **19** Apre sa, pran lòt belye mouton an.
Arawon ak pitit gason l' yo va mete men yo sou tèt li. **20**
W'a touye l', w'a pran ti gout nan san li, w'a mete l' sou
tete zòrèy dwat Arawon ak sou tete zòrèy dwat pitit gason
l' yo, sou gwo pous men dwat yo ak sou gwo zòtèy pye
dwat yo. W'a pran rès san an, w'a vide l' tout arebò lòtèl
la. **21** Pran ti gout nan san ki sou lòtèl la ansanm ak ti
gout nan lwil pou mete moun apa a, voye yo sou Arawon
ak sou rad li yo, sou pitit gason l' yo ak sou rad yo tou.
Konsa, w'a mete Arawon ak pitit gason l' yo ansanm ak
tout rad yo apa pou mwen nèt. **22** Wete tout grès dezyèm
belye mouton an: ke a ak tout grès li, grès ki vlope tripay
yo, moso grès ki sou fwa a, de wonyon yo ak tout grès yo,
ansanm ak jigo dwat la, paske se yon belye k'ap sèvi nan
sèvis pou mete prèt yo apa a. **23** Nan panyen pen san
ledven ki devan Seyè a, w'a pran yon pen antye, yon gato
fèt ak lwil ak yon pen plat. **24** W'a mete tout bagay sa yo
nan men Arawon ak nan men pitit gason l' yo. W'a mete
yo apa pou sèvis mwen, w'a fè yo balanse l' devan Seyè
a tankou yon ofrann. **25** Lèfini, pran manje a nan men yo,
boule l' sou lòtèl la, anwo ofrann ki boule deja a, pou l' fè
Seyè a plezi ak bon sant li. Se va yon ofrann pou Seyè a
ki fèt pou boule nèt nan dife. **26** Pran vyann pwatrin belye
ki te sèvi nan sèvis pou mete Arawon apa a, w'a balanse
l' devan Seyè a tankou yon ofrann. Se va pòsyon pa ou la
sa. **27** W'a pran vyann pwatrin belye ki te sèvi nan sèvis
pou mete Arawon ak pitit gason l' yo apa a, w'a mete yo
apa pou Seyè a. W'a balanse yo devan Seyè a tankou
yon ofrann. W'a fè menm bagay la tou pou jigo w'ap wete
pou prèt yo. **28** Dapre lòd mwen bay pèp Izrayèl pou tout
tan an, moso vyann sa yo va pou Arawon ak pou pitit
gason l' yo. Se va yon kado pèp Izrayèl la pral blije fè.
Se pòsyon yo va toujou wete pou prèt yo, pòsyon pèp
Izrayèl la va toujou bay nan ofrann y'ap fè pou di mèsi.
Se kado y'a bay Seyè a. **29** Lè Arawon va mouri, rad
sèvis li yo va rete pou pitit li yo. Se rad sa yo y'a mete sou
yo lè y'ap vide lwil sou tèt yo pou mete yo apa, lè y'ap
ba yo pouvwa pou fè sèvis Bondye. **30** Pitit Arawon ki
va pran plas Arawon nan sèvis Seyè a va mete rad yo
sou li pandan sèt jou, epi l'a antre nan tant lan pou fè
sèvis li nan kote ki apa pou Bondye a. **31** W'a pran belye
mouton ki te sèvi nan sèvis pou mete apa a, w'a fè kwit
vyann li yon kote ki apa pou Bondye. **32** Arawon ak pitit
gason l' yo va manje vyann belye a ansanm ak pen ki nan
panyen an. y'a rete bò pòt devan Tant Randevou a. **33** y'a
manje manje ki te sèvi nan sèvis yo fè pou mande Bondye
padon pou peche yo fè san yo pa konnen, sèvis yo te fè
lè yo t'ap mete yo apa, lè yo t'ap resevwa pouvwa pou fè
sèvis Bondye a. Se prèt yo ase ki ka manje manje sa yo,
paske se manje yo mete apa pou Bondye. **34** Si gen rès
nan vyann lan ak nan pen an ki rete apre yo fin manje,
nan denmen maten w'a boule l' nan dife. Piga pesonn
manje li, paske se manje yo mete apa pou Bondye. **35**
W'a fè tou sa m' te ba ou lòd fè pou Arawon ansanm ak
pitit gason l' yo. W'a pase sèt jou ap fè sèvis pou mete

yo apa pou sèvis mwen. **36** Chak jou, w'a ofri yon towo
bèf, w'a touye l' pou mande Bondye padon pou peche yo
fè san yo pa konnen. Avèk ofrann bèt sa a w'ap fè pou
peche a, w'a mete lòtèl la nan kondisyon pou l' sèvi nan
sèvis Bondye. Lèfini, w'a vide lwil sou li, w'a mete l' apa
pou sèvis Bondye. **37** Pandan sèt jou, w'a fè ofrann bèt
pou peche yo fè san yo pa konnen an sou lòtèl la. Konsa
w'a mete lòtèl la apa pou sèvis Bondye a. Konsa, lòtèl la
va apa nèt pou Bondye. Tout moun ki va manyen lòtèl la,
ak tout bagay ki va an kontak ak lòtèl la va tounen bagay
yo mete apa pou Bondye tou. **38** Men sa ou gen pou
ofri sou lòtèl la: Chak jou, san sote yon jou, w'a ofri de
ti mouton ki poko gen ennan bay Bondye. **39** W'a ofri
yonn nan mouton yo nan maten, lòt la nan aswè anvan
li fin fè nwa nèt. **40** Avèk premye ti mouton an, w'a ofri
sèt ti mamit farin frans melanje ak yon lit edmi bon lwil
oliv fèt nan moulen. W'a pran yon lit edmi diven pou ofri
pou bwason ak manje a. **41** W'a touye dezyèm ti mouton
an aswè. W'a ofri ansanm avè l' menm manje ak menm
bwason ou te ofri nan maten an. W'a boule tout bagay sa
yo nèt nan dife. Se va yon ofrann bèt k'ap fè Seyè a plezi
ak bon sant li. **42** Ofrann nan dife sa a, yo gen pou yo fè
l' tout tan devan mwen, de pitit an pitit nan papòt Tant
Randevou a. Se la mwen menm Seyè a, m'ap kontre ak
pèp mwen an pou m' pale ak yo. **43** Se la m'ap kontre
pèp Izrayèl la. Avèk pouvwa mwen, m'ap mete kote sa a
apa pou mwen. **44** M'ap mete Tant Randevou a apa pou
sèvis mwen. M'ap fè menm bagay la tou pou lòtèl la. M'ap
mete Arawon ak pitit gason l' yo apa pou mwen pou yo ka
sèvi m' prèt. **45** M'ap rete nan mitan pèp Izrayèl la, se
mwen menm ki va Bondye yo. **46** y'a konnen se mwen
menm ki Seyè a, Bondye yo a, se mwen menm ki te fè yo
soti kite peyi Lejip pou m' te kapab rete nan mitan yo. Se
mwen ki Seyè a, Bondye yo a.

30 W'a fè yon lòtèl an bwa zakasya pou boule lansan.
2 W'a fè l' kare kare. L'a mezire dizwit pous longè,
dizwit pous lajè ak trannsis pous wotè. Kat pwent ki
depase yo va fè yon sèl pyès avèk lòtèl la. Se va kòn lòtèl
la. **3** W'a kouvri tout anwo lòtèl la, kat kote l' yo ansanm
ak kat kòn li yo ak pi bon kalite lò ki genyen. W'a fè yon
bòdi an lò tout arebò l'. **4** W'a fè de bag an lò, w'a tache
yo anba bòdi a sou de bò lòtèl la. Se nan bag sa yo w'a
pase manch ki pou sèvi pou pote lòtèl la. **5** W'a fè manch
yo an bwa zakasya, epi w'a kouvri yo ak lò. **6** W'a mete
lòtèl la devan rido ki pann devan Bwat Kontra a avèk
kouvèti li sou li. Se la m'a vin jwenn ou. **7** Arawon va
boule lansan bon sant sou li chak maten lè l'ap netwaye
lanp yo. **8** L'a boule lansan tou chak swa lè l'ap ranje lanp
yo. Se pou yo toujou fè ofrann lansan sa a devan lòtèl
Seyè a, chak jou san sote yonn, de pitit an pitit. **9** Se pa
pou nou ofri sou lòtèl la lansan ki pa fèt tout espre pou
sèvis la, ni vyann bèt ki fèt pou boule, ni lòt manje. Ni se
pa pou nou ofri ankenn bwason sou li non plis. **10** Yon fwa
chak lanne, Arawon va fè yon seremoni sou kòn lòtèl la
pou Bondye ka fè gras. Yon fwa chak lanne, avèk san bèt
yo touye pou mande padon pou peche a, l'a mande gras
pou lòtèl la. Se pou yo toujou fè sa de pitit an pitit. Lòtèl
sa a, se yon lòtèl ki fèt pou yo mete apa nèt pou Seyè
a. **11** Seyè a di Moyiz: **12** -Lè n'ap konte konbe moun ki
genyen nan peyi Izrayèl la pou nou fè resansman, chak
gason va bay Seyè a kichòy pou lavi yo, pou malè pa rive
lè y'ap fè resansman an. **13** Chak moun y'a konte nan
resansman an va peye de goud edmi, dapre jan yo konte
lajan nan kote ki apa pou Bondye a. Chak moun va peye
sa tankou yon ofrann yo mete apa pou Seyè a. **14** Tout
moun ki dwe bay non yo nan resansman an, sa vle di tout
moun ki gen ventan osinon ki depase ventan, va peye
menm lajan an bay Seyè a. **15** Moun ki rich p'ap peye
plis, ni moun ki pòv p'ap peye mwens, lè y'ap peye lajan
an bay Seyè a pou lavi yo. **16** W'a resevwa lajan sa a nan
men pèp la, w'a depanse l' pou sèvis Tant Randevou a.
Sa va sèvi pou Seyè a pa janm bliye pèp Izrayèl la. Se
va bagay y'a peye pou sove lavi yo. **17** Seyè a di Moyiz
konsa: **18** -W'a fè yon gwo basen an kwiv avèk yon pye
an kwiv tou. W'a mete l' ant Tant Randevou a ak lòtèl la.
W'a mete dlo ladan l'. **19** Arawon ak pitit gason l' yo va
sèvi ak dlo sa a pou yo lave men yo ak pye yo. **20** Lè y'ap
antre nan Tant Randevou a, y'a lave men yo ak pye yo
nan dlo sa a. y'a fè menm jan an tou lè y'ap pwoche bò
lòtèl la pou fè sèvis pou ofri Seyè a bèt ki fèt pou boule
nèt nan dife a pou li. Konsa, yo p'ap mouri. **21** Wi, se pou
yo lave men yo ak pye yo pou yo pa mouri. Se yon lòd
pou Arawon, pou pitit gason l' yo ak pitit pitit k'ap vin apre
yo, lòd pou yo toujou swiv, de pitit an pitit. **22** Seyè a di
Moyiz ankò: **23** -Pran pi bon plant santi bon ki genyen:
ven liv lami, dis liv kannèl bon kalite, dis liv fèy sitwonèl,
24 ven liv kas. W'a mezire yo dapre mezi yo sèvi nan kote
ki apa pou Bondye a. W'a pran tou senk ka lwil oliv. **25**
Avèk tou sa, w'a fè yon lwil jan moun ki konn fè odè a fè.
Lwil sa a va sèvi pou mete moun apa pou sèvis Bondye.
Se avèk lwil sa a w'a sèvi pou mete moun osinon nenpòt
bagay apa pou sèvis Bondye. **26** W'a voye lwil la sou Tant
Randevou a, sou Bwat Kontra a, **27** sou tab la ak tout
bagay ki sèvi sou tab la, sou lanp sèt branch lan ak tout
bagay ki sèvi ak li, sou lòtèl lansan an, **28** sou lòtèl kote
yo boule ofrann yo ak sou tout bagay ki sèvi sou li, sou
basen lan ak tout pye l'. **29** Se konsa w'a mete tout bagay
sa yo apa pou mwen pou yo ka pou mwen ase. Tout
bagay ki va touche ak yo va apa pou mwen tou. **30** Lèfini,
w'a vide lwil la sou Arawon ak sou pitit gason l' yo. Konsa
w'a mete yo apa pou yo ka sèvi m' prèt. **31** W'a pale ak
pitit Izrayèl yo, w'a di yo: Nou wè lwil sa a, se ak li pou
nou sèvi, de pitit an pitit, pou mete moun osinon nenpòt
bagay apa pou mwen. **32** Nou pa dwe sèvi ak lwil sa a
sou nenpòt ki moun, ni nou pa fèt pou fè yon lòt lwil ak
menm konpozisyon an. Se yon bagay ki apa pou mwen
nèt. Nou fèt pou nou konsidere l' pou sa li ye a. **33** Si yon
moun sèvi ak menm konpozisyon an pou fè lwil, osinon si
yon moun sèvi avè l' sou yon moun ki pa prèt, se pou yo

disparèt li nan mitan pèp la. **34** Apre sa, Seyè a di Moyiz
konsa: -Pran epis sa yo: safetida, lorye, gonm bwa ak pi
bon kalite lansan. W'a pran menm valè nan chak. **35** W'a
fè yon lansan ak yo san ankenn kras ladan l', menm jan
moun ki konn fè odè yo fè sa. W'a mete yon ti sèl ladan l',
w'a mete l' apa pou mwen. **36** W'a pran ti gout ladan l',
w'a pile l' fè l' fè poud. W'a sèvi avèk ti gout dèvan bwat ki
gen ròch plat kontra a, nan Tant Randevou a kote pou m'
kontre avè ou la. Se pou ou konsidere lansan sa a tankou
yon bagay yo mete apa pou mwen ase. **37** Piga ou sèvi
ak menm konpozisyon sa a pou fè lansan pou sèvi pou
tèt pa ou. Sa se yon bagay ki rezève pou sèvis Bondye
ase. **38** Si yon moun fè yon konpozisyon menm jan an
pou sèvi l' odè, se pou yo disparèt li nan mitan pèp la.

31 Seyè a pale ak Moyiz, li di l': **2** -Mwen chwazi
Bezaleyèl, pitit Ouri, pitit pitit Our, nan branch fanmi
Jida a. **3** Mwen mete lespri m' sou li an kantite pou l' ka
gen ladrès, bon konprann ak konesans pou l' fè tout kalite
travay atizan yo konn fè, **4** pou l' ka fè bèl desen, pou l'
travay yo an lò, an ajan ak an kwiv, **5** pou l' travay pyè
tankou òfèv yo konn fè a, pou l' moute yo sou nenpòt
bagay, pou l' ka fè desen sou bwa, wi pou l' fè tout kalite
bon bagay atizan konn fè. **6** Nan travay sa a, mwen
bay Bezaleyèl yon lòt bòs pou ede l' nan travay la: se
Owoliyab, pitit Ayisamak, moun branch fanmi Dann. Konsa
tou, tout lòt moun nan pèp Izrayèl la n'a wè ki gen ladrès,
konnen se mwen menm ki ba yo l' pou yo ka fè sa mwen
mande ou fè a. **7** Men sa mwen te mande ou fè: Tant
Randevou a, Bwat Kontra a avèk ròch plat yo, kouvèti ki
pou ale sou bwat la ansanm ak tout mèb ki pou ale nan
tant lan, **8** tab la ak lanp sèt branch an lò a ansanm avèk
tout bagay ki pou sèvi avèk yo, lòtèl pou boule lansan an,
9 lòtèl pou boule ofrann yo ak tout bagay ki pou sèvi sou
lòtèl la, basen lan ak tout pye l' a, **10** bèl rad seremoni,
rad pou Arawon, prèt la, ak pou pitit gason l' yo mete sou
yo lè y'ap fè sèvis nan tant lan, **11** lwil pou mete moun
apa pou Bondye a ak lansan santi bon pou kote ki apa
pou Bondye a. Lè y'ap fè bagay sa yo, se pou yo fè l' jan
mwen te di ou la. **12** Seyè a di Moyiz konsa: **13** -W'a di
pèp Izrayèl la: Se pou nou respekte jou repo mwen yo,
paske se va yon siy ant mwen menm ak nou menm, ak
tout pitit pitit nou yo, pou fè konnen se mwen menm, Seyè
a, ki mete nou apa pou mwen. **14** Se poutèt sa, se pou
nou respekte jou repo a paske se yon jou pou nou mete
apa pou mwen. Si yon moun pa respekte jou sa a, se pou
yo touye l'. Si yon moun fè nenpòt ki travay jou sa a, se
pou yo disparèt li nan mitan pèp li a. **15** N'a fè tout travay
nou pandan sis jou. Men setyèm jou a, se va yon gwo
jou repo, jou n'a mete apa pou Seyè a. Nenpòt moun ki
fè nenpòt ki travay jou sa a, se pou yo touye l'. **16** Se
tout pèp la nèt ki pou respekte jou repo a de pitit an pitit.
Se yon kontra ki la pou tout tan. **17** Sa va yon siy ant
mwen menm ak pèp Izrayèl la, paske mwen menm, Seyè
a, mwen te pran sis jou pou m' fè syèl la ak latè a. Sou
setyèm jou a mwen te sispann travay, mwen te pran repo.
18 Lè Seyè a te fin pale konsa ak Moyiz sou mòn Sinayi a,
li ba li de ròch plat kote li te ekri kontra a ak pròp men li.

32 Lè pèp la wè Moyiz te rete lontan sou mòn lan san
li pa desann, yo sanble bò kote Arawon, yo di l'
konsa: -Ann debouye nou fè lòt bondye ki pou mache
devan nou, paske nonm yo rele Moyiz la ki te fè nou
moute soti nan peyi Lejip la, nou pa konn sa ki rive l'. **2**
Arawon di yo: -Wete tout zanno lò ki nan zòrèy madanm
nou yo ak nan zòrèy pitit fi ak pitit gason nou yo, pote yo
ban mwen. **3** Konsa, tout pèp la wete zanno lò yo te gen
nan zòrèy yo, yo pote yo bay Arawon. **4** Arawon pran
zanno yo, li fonn yo, li koule lò a nan yon moul, li fè estati
yon ti towo bèf. Pèp la di: -Pèp Izrayèl, men bondye nou
an. Se li ki te fè nou soti kite peyi Lejip la. **5** Lè Arawon
wè sa, li bati yon lòtèl devan estati ti towo bèf la, epi li di
yo: -Denmen m'ap fè yon gwo fèt pou Seyè a. **6** Nan
denmen maten yo leve byen bonè, yo touye bèt, yo boule
yo nèt ofri bay Seyè a. Yo touye lòt bèt tou pou di l' mèsi.
Apre sa, pèp la chita, yo manje, yo bwè. Lèfini, yo leve
pou yo pran plezi yo. **7** Lè sa a, Seyè a di Moyiz: -Ale
non, ou mèt desann. Paske pèp ou a, pèp ou te fè moute
soti nan peyi Lejip la, gen tan deraye, yo lage tèt yo nan
bwa. **8** Yo gen tan kite chemen mwen te mande yo swiv
la. Yo pran lò, yo fonn li, yo fè estati yon ti towo bèf, yo
tonbe fè sèvis pou li, yo touye bèt ofri ba li, epi yo di: Pèp
Izrayèl, men bondye nou an. Se li ki te fè nou soti kite peyi
Lejip la. **9** Seyè a di Moyiz ankò: -Mwen wè pèp sa a se
yon pèp ki gen tèt di. **10** Bon, koulye a kite m' al regle ak
yo. Mwen pral fè yo konnen lè m' an kòlè, m'ap detwi yo,
m'ap boule yo. Men, ou menm, m'ap fè ou vin yon gwo
nasyon. **11** Moyiz kriye nan pye Seyè a, Bondye l' a, li di
l': -Seyè, poukisa pou ou ta koute kòlè ou pou ou fache
sou pèp ki pou ou a, pèp ou menm menm te fè moute soti
kite Lejip avèk gwo pouvwa ou, avèk fòs ponyèt ou? **12**
Atò, sa pou moun peyi Lejip yo di? y'a di: Ala Bondye
malveyan! Li fè yo soti kite Lejip pou l' te ka touye yo nan
mòn yo, pou l' te ka disparèt yo sou latè. Seyè, pa koute
kòlè ou! Chanje lide. Pa fè malè sèk sa a tonbe sou pèp
ou a. **13** Chonje sèvitè ou yo, Abraram, Izarak ak Izrayèl.
Chonje pwomès ou te fè yo. Ou te fè sèman sou tèt ou,
ou te di yo: M'ap ban nou pitit pitit an kantite, y'ap tankou
zetwal nan syèl la. M'ap bay pitit pitit nou yo tout peyi
mwen te di m'ap ban nou an, pou peyi a rele yo chèmèt
pou tout tan. **14** Lè sa a, Seyè a chanje lide, li pa voye
malè sèk li te fè lide voye sou pèp la ankò. **15** Moyiz pran
chemen pou l' tounen. Li desann soti nan mòn lan avèk
de ròch plat kontra a nan men l'. Ròch yo te ekri sou tout
kò yo, devan kou dèyè. **16** Se Bondye menm ki te travay
ròch plat sa yo. Se li menm tou ki te ekri sou yo ak pròp
men li. Se li ki te grave tout lèt ki ekri sou ròch yo. **17**
Jozye te tande pèp la ki t'ap rele byen fò anba a. Li di
Moyiz: -Pou tout bri mwen tande a, gen gwo goumen nan
kan an! **18** Men Moyiz reponn li: -Non! Non! Kalite chante
sa a, se pa chante moun ki genyen yon batay ni chante
moun ki pèdi batay. Se de gwoup moun k'ap chante: yonn

ap reponn lòt. **19** Lè Moyiz rive toupre kan an, li wè estati
ti towo bèf la ak moun yo ki t'ap danse. Moyiz fè yon sèl
kòlè, li voye ròch plat ki te nan men l' yo jete. Yo tonbe, y
al kraze an miyèt moso anba pye mòn lan. **20** Li pran
estati ti towo bèf yo te fè a, li boule l', li kraze l', li fè l'
tounen pousyè. Li simen pousyè a nan dlo. Lèfini, li fè
moun Izrayèl yo bwè dlo a. **21** Apre sa li di Arawon: -
Kisa moun sa yo fè ou menm pou ou kite yo fè kalite gwo
peche sa a? **22** Arawon reponn li: -Mèt, tanpri, pa fache
sou mwen! Ou menm, ou konnen jan pèp sa a toujou pare
pou fè sa ki mal. **23** Se yo menm ki di m' fè bondye pou
yo, bondye ki pou mache devan yo, paske yo pa konnen
sa ki rive Moyiz, nonm sa a ki te fè yo soti kite Lejip la. **24**
Lè sa a, mwen mande kilès nan mitan yo ki gen lò. Tout
moun ki te gen lò sou yo ban mwen l'. Mwen lage lò a nan
dife, epi estati ti towo bèf sa a parèt. **25** Moyiz wè pèp la
te fin dechennen, paske Arawon te lage brid ba yo, yo
te lage kò yo nan sèvi zidòl. Sa fè yo pa t' anyen ankò
devan lènmi yo. **26** Moyiz kanpe nan pòtay lakou kan an,
li pale byen fò, li di: -Tout moun ki pou Seyè a, vin jwenn
mwen. Se konsa tout pitit Levi yo vin jwenn li. **27** Li di yo:
-Men sa Seyè a, li menm ki Bondye pèp Izrayèl la di: Se
pou nou chak pran nepe nou, mache nan tout kan an,
depi nan pòtay sa a rive jouk lòt bò a. Touye mezi moun ki
tonbe anba men nou, kit se frè nou, kit se zanmi nou,
osinon vwazinaj nou. **28** Pitit Levi yo fè sa Moyiz te ba yo
lòd fè a. Jou sa a, te gen twamil moun konsa nan pèp la
ki te pèdi lavi yo. **29** Moyiz di pitit Levi yo: -Jòdi a, avèk
san pitit gason nou yo ak san frè nou yo nou fè koule a,
nou mete tèt nou apa nèt pou sèvis Seyè a. Se poutèt sa
tou, Seyè a pa manke ban nou benediksyon l' jòdi a. **30**
Nan denmen, Moyiz rele pèp la, li di yo: -Nou te fè yon
gwo peche. Men koulye a, mwen pral moute sou mòn lan
bò kote Seyè a. m'a wè si m' ka jwenn padon pou peche
nou an. **31** Moyiz tounen bò kote Seyè a. Li di l': -Ou wè
gwosè peche pèp la fè. Yo fè yon estati an lò pou sèvi yo
bondye. **32** Men, tanpri, padonnen peche yo. Si se pa sa,
tanpri efase non m' nan liv ou a. **33** Seyè a reponn Moyiz,
li di l': -Moun ki peche kont mwen an, se non l' pou m'
efase nan liv mwen an. **34** Koulye a, ou mèt ale. W'a
mennen pèp la kote mwen te di ou mennen yo a. Chonje
byen. Zanj mwen an ap mache devan ou. Men, lè jou a va
rive pou m' vin fè regleman ak yo a, m'ap pini yo pou
peche yo. **35** Seyè a te voye yon maladi sou pèp la pou
pini l', paske yo te fòse Arawon fè estati yon ti bèf pou yo.

33 Seyè a di Moyiz: -Leve non, ou menm ak tout
pèp ou te fè soti kite Lejip la. Kite kote nou ye a.
Pran chemen pou n' ale nan peyi mwen te sèmante bay
Abraram, Izarak ak Jakòb la, lè m' te di yo m'ap ba yo tè
sa a pou pitit pitit yo. **2** M'ap voye yonn nan zanj mwen yo
devan nou. M'ap mete moun Kanaran yo, moun Amori yo,
moun Et yo, moun Ferezi yo, ak moun Jebis yo deyò sou
tè yo a. **3** Ale. W'ap rive nan yon peyi kote lèt ak siwo
myèl koule tankou dlo. Men, se pa mwen menm menm ki
prale ansanm ak nou, paske nou se yon bann moun ki
gen tèt di, mwen ta ka touye nou sou wout la. **4** Lè pèp la
tande move nouvèl sa a, yon sèl lapenn pran yo. Tout
moun refize pote bijou sou yo. **5** Seyè a di Moyiz konsa: -
Di pitit Izrayèl yo se yon bann moun ki gen tèt di yo ye. Si
se pou m' ta ale ak yo, menm yon sèl ti kadè, mwen ta fin
estèminen yo nèt. Koulye a, se pou yo wete tout bijou yo
gen sou yo. Lè sa a m'a wè, sa m' ka fè pou yo. **6** Se
konsa, depi sou mòn Orèb, moun Izrayèl yo pa janm pote
bijou ankò sou yo. **7** Moyiz pran tant lan, li mete l' yon ti
distans an deyò limit kan kote yo te enstale a. Li rele l'
Tant Randevou a. Tout moun ki te bezwen pale ak Seyè a
te blije soti nan kan an pou ale nan Tant Randevou a. **8**
Chak fwa Moyiz te soti pou l al nan tant lan, tout pèp la te
fèt pou kanpe, chak moun devan papòt kay yo, ap gade
Moyiz jouk li antre nan tant lan. **9** Depi Moyiz antre nan
tant lan, poto nwaj la desann, li kanpe sou papòt tant lan.
Epi Seyè a pran pale ak Moyiz. **10** Lè tout moun wè poto
nwaj la kanpe nan papòt tant lan, yo leve, yo bese tèt yo
jouk atè devan papòt kay pa yo. **11** Seyè a te konn pale
fasafas ak Moyiz tankou yon moun k'ap pale ak zanmi l'.
Apre sa, Moyiz te tounen nan kan kote pèp la te enstale a.
Men, te gen yon jenn gason yo te rele Jozye, pitit gason
Noum lan, ki t'ap sèvi ak Moyiz. Li menm, li pa t' janm kite
tant lan. **12** Moyiz di Seyè a: -Ala ou di m' fè pèp la moute
ale nan peyi a, men ou pa di m' kilès w'ap voye avè m'
pou ede m'. Men, koulye a ou di m' ou konnen m' byen,
ou konnen ki moun mwen ye. Ou kontan mwen anpil. **13**
Bon, si ou kontan m' vre, tanpri, fè m' konnen lide ou gen
nan tèt ou pou m' ka konnen ki moun ou ye, pou m' ka
toujou fè ou plezi. Chonje tou, pèp sa a se pa ou li ye
wi! **14** Seyè a reponn: -Se mwen menm k'ap mache avè
ou. M'ap fè ou jwenn repo. **15** Moyiz di l': -Si se pa ou
menm menm k'ap mache avè nou, ou pa bezwen kite
nou soti isit la. **16** Lè ou gade byen, ki jan pou mwen fè
konnen ou konsidere m' anpil, mwen menm ansanm ak
pèp ou a? Eske se pa lè ou mache ak nou? Si ou mache
ak nou, tout moun va rekonèt mwen menm ansanm ak
pèp la, nou pa menm ak lòt pèp ki sou latè yo. **17** Seyè a
di Moyiz: -m'a fè sa ou mande m' lan, paske ou fè kè m'
kontan anpil. Mwen konnen ki moun ou ye. **18** Moyiz di l':
-Tanpri, fè m' wè pouvwa ou! **19** Lè sa a Seyè a reponn li:
-M'ap fè ou wè jan m' gen bon kè, m'ap nonmen non m'
devan ou. M'ap fè moun mwen vle gras, m'ap gen pitye
pou moun mwen vle gen pitye. **20** Seyè a pale ankò, li di-
Ou p'ap kapab wè figi m', paske ankenn moun sou latè pa
kapab wè figi m' pou l' kontinye ap viv apre sa. **21** Li di
ankò: -Men yon ti plas bò kote m'. W'a kanpe sou ròch sa
a. **22** Lè pouvwa mwen vin ap pase, m'ap mete ou nan
twou ròch la, m'a kouvri ou avèk men mwen jouk mwen
fin pase. **23** Apre sa, m'a wete men m' sou ou. Se do m'
ase w'a wè ki prale, men ou p'ap wè figi m'.

34 Seyè a di Moyiz konsa: -Taye de ròch plat tankou
de premye yo. m'a ekri sou yo tout pawòl ki te sou
premye ròch ou te kraze yo. **2** Pare ou byen bonè denmen
maten. W'a moute sou mòn Sinayi a. Vin jwenn mwen la

sou tèt mòn lan. 3 Pa kite pesonn moute avè ou. Pa kite
pesonn parèt sou mòn lan. Ata mouton ak bèf pa pou vin
manje twò pre mòn lan. 4 Moyiz taye de ròch plat tankou
de premye yo. Nan denmen maten byen bonè, li moute
sou mòn Sinayi a ak de ròch plat yo nan men l' jan Seyè
a te ba li lòd la. 5 Seyè a desann nan yon nwaj, li kanpe
la toupre Moyiz. Li fè l' konnen se li menm yo rele Seyè
a. 6 Seyè a pase devan Moyiz, li pale byen fò, li di: -
Seyè a, Seyè a se yon Bondye ki gen pitye pou moun,
yon Bondye ki gen bon kè. Li pa fè kòlè fasil, li p'ap janm
sispann renmen, l'ap toujou kenbe pawòl li. 7 L'ap kenbe
pwomès li pou tout tan jouk sou mil jenerasyon, de pitit an
pitit. L'ap toujou padonnen sa nou fè ki mal, sa nou te
dwe fè nou pa fè, ak peche nou yo. Men, li pa nan kase
fèy kouvri sa. Lè yon moun fè yon peche, l'ap pini pitit li
yo, pitit pitit li yo ak pitit pitit pitit li yo pou sa li fè a, jouk
sou twazyèm ak katriyèm jenerasyon. 8 Lamenm, Moyiz
prese bese tèt li byen ba jouk atè, li adore Bondye. 9 Li
di: -Seyè! Si ou kontan m' vre, tanpri, mache avè nou
non! Pèp sa a, se yon bann moun ki gen tèt di, se vre.
Men, padonnen fòt nou yo ak peche nou yo. Asepte nou
pou moun ki rele ou pa ou. 10 Seyè a reponn: -Mwen
pral fè yon kontra avèk nou. Devan tout pèp la, mwen
pral fè gwo bèl bagay, bèl bagay ankenn peyi sou latè ni
ankenn nasyon poko janm wè. Konsa, tout pèp ki avè ou
yo pral wè travay Seyè a ka fè, paske mwen pral sèvi avè
ou pou m' fè yon bagay estraòdinè. 11 Se pou ou swiv
tout kòmandman mwen ba ou jòdi a. M'ap mete moun
Amori yo deyò, ansanm ak tout moun Kanaran yo, tout
moun Et yo, moun Ferezi yo, moun Evi yo ak moun Jebis
yo, pou yo fè plas pou nou. 12 Pran prekosyon nou pou
nou pa antre nan ankenn konfyolo ak moun ki rete nan
peyi kote nou prale a, paske sa ka tounen yon pèlen pou
nou. 13 Okontrè, se pou nou kraze lòtèl yo, dechouke tout
vye ròch moniman yo te kanpe. Koupe tout poto bwa yo
te plante pou zidòl yo. 14 Nou pa fèt pou nou sèvi lòt
bondye paske mwen menm, Seyè a, yo rele m' Bondye ki
fè jalouzi. Mwen se yon Bondye ki fè jalouzi anpil. 15 Pa
antre nan ankenn konfyolo ak moun ki rete nan peyi a,
paske lè y'ap sèvi bondye yo, lè y'ap touye bèt pou yo, sa
y'ap fè a se menm bagay ak fanm k'ap fè jennès. Lè sa a
y'a konprann pou yo vin envite nou. Konsa nou ka tonbe
nan manje vyann bèt yo te ofri bay zidòl yo. 16 Konsa
konsa, yon lè n'a pran pitit fi moun sa yo pou madanm
pitit gason nou yo. Lè pitit fi yo menm va lage kò yo nan
sèvis lòt bondye yo, yo ka pran tèt pitit gason nou yo,
fè yo vire do ban mwen pou y al sèvi bondye pa yo a,
tankou lè yon nonm kite madanm li pou l' al dèyè lòt fanm.
17 Piga ou janm fonn metal pou fè estati ki pou sèvi ou
bondye. 18 Se pou ou toujou fete fèt pen san ledven an.
Pandan sèt jou nan mwa Abib la, nou va manje pen san
ledven, jan mwen te ban nou lòd la, paske se nan mwa sa
a nou te soti kite peyi Lejip. 19 Tout premye pitit gason se
pou mwen yo ye. Konsa tou, tout bèt, kit se bèf, kit se
mouton, kit se kabrit, premye pitit mal yo fè, se pou mwen
yo ye tou. 20 Men, lè yon manman bourik fè premye pitit
mal li, nou ka achte l' nan men m'. N'a ban mwen yon
mouton pou li. Si nou pa vle peye pou li, se pou nou kase
kou l'. Konsa tou, nou va achte nan men m' tout premye
pitit gason gason nou yo va fè. N'a ban mwen kichòy pou
yo. Piga pesonn janm parèt devan mwen de men l' vid. 21
W'a travay sis jou. Men setyèm jou a, se pou ou sispann
travay, te mèt nan sezon plante osinon nan sezon rekòt.
22 W'a fete fèt Senmenn yo, fèt premye grap ble ou koupe
lè rekòt la. Lèfini, nan fen lanne a w'a fete fèt Rekòt la. 23
Twa fwa chak lanne, tout gason ki nan mitan nou gen pou
parèt devan mwen, Seyè sel Mèt la, Bondye pèp Izrayèl
la. 24 Lè m'a fin mete lòt nasyon yo deyò pou fè plas
pou nou, lè m'a fin laji teritwa nou an, pesonn p'ap gen
lanbisyon pou yo seye vin pran peyi a nan men nou lè n'a
moute chak lanne pou parèt devan mwen menm, Seyè a,
Bondye nou an, pou fete twa fèt sa yo. 25 Lè n'ap touye
yon bèt pou ofri l' ban mwen, piga nou janm sèvi ak pen ki
fèt ak ledven. Lè fèt Delivrans lan menm, piga nou kite
ankenn vyann bèt yo touye pou fèt la rete pou denmen
maten. 26 N'a pran pi bèl fwi nan premye rekòt jaden nou
yo, n'a pote yo bay Seyè a, Seyè nou an, lakay li. Piga ou
janm kwit yon ti mouton nan lèt manman l'. 27 Seyè a di
Moyiz ankò: -Ekri tout pawòl sa yo, paske se dapre pawòl
sa yo m'ap siyen kontra m' lan avè ou ansanm avèk pèp
Izrayèl la. 28 Moyiz te rete la avèk Seyè a pandan karant
jou karant nwit. Li pase tout jou sa yo san manje san bwè.
Li te ekri tout pawòl kontra a sou ròch plat yo. Se te dis
kòmandman yo. 29 Lè Moyiz desann soti sou mòn Sinayi
a, li t'ap pote de ròch plat yo nan men l'. Men, gen yon
bagay li pa t' konnen. Lè li t'ap pale ak Seyè a, figi l' te
vin klere byen bèl. 30 Arawon ak tout pèp la t'ap gade
Moyiz, yo we jan figi l' te klere, yo te pè pwoche bò kote
l'. 31 Men Moyiz rele yo. Arawon vin jwenn li ansanm
ak tout chèf pèp la. Moyiz pale ak yo. 32 Apre sa, tout
rès pèp Izrayèl la pwoche, epi Moyiz ba yo tout lòd li te
resevwa nan men Seyè a sou mòn Sinayi a. 33 Lè Moyiz
fin pale ak yo, li kouvri figi li ak yon twal. 34 Chak fwa
Moyiz antre nan tant lan devan Seyè a pou pale avè l',
li toujou wete twal la jouk li soti deyò ankò. Lè l' soti, li
rakonte pèp Izrayèl la tou sa Seyè a te ba li lòd di yo. 35
Lè konsa, moun pèp Izrayèl yo gade, yo wè figi Moyiz te
klere byen bèl. Apre sa, Moyiz remete twal la sou figi l'
ankò, pou jouk lè li antre ankò pou l' pale ak Seyè a.

35 Moyiz sanble tout pèp Izrayèl la, li di yo: -Men sa
Seyè a bay lòd pou nou fè. 2 N'a travay sis jou,
men se pou nou mete setyèm jou a apa pou Bondye, se
jou repo ki apa nèt pou Seyè a. Si yon moun fè nenpòt ki
travay jou sa a, se pou yo touye l'. 3 Ata dife piga nou
limen nan ankenn kay jou repo a. 4 Moyiz pale ak tout
pèp Izrayèl la ki te sanble, li di yo: -Men sa Seyè a ban
nou lòd fè: 5 Se pou nou pran nan sa nou genyen pou fè
ofrann pou Seyè a. Tout moun ki vle bay ak tout kè yo
pou fè yon ofrann pou Seyè a va fè l'. y'a pote lò, ajan ak
kwiv, 6 bon twal siperyè koulè violèt, ble ak wouj, twal

fen blan ak twal pwès fèt ak pwal kabrit, 7 po belye tenn
koulè wouj, po bazann, ak bwa zakasya, 8 lwil pou lanp
sèt branch lan, epis santi bon pou mete nan lwil yo sèvi
pou mete moun apa pou Bondye a ak nan lansan an, 9
pyè oniks ak lòt pyè pou gani jile ak plastwon prèt la. 10
Se pou tout moun pami nou ki gen ladrès vin jwenn mwen
pou yo fè travay Seyè a bay lòd fè a: 11 kay Bondye a
avèk tant lan, twati li, kwòk li yo, ankadreman li yo, travès
li yo, poto li yo ak tout sipò yo, 12 Bwat kontra a ak manch
li yo, kouvèti bwat la, ak rido pou kache bwat la, 13 tab la
avèk manch li yo ansanm ak tout bagay pou sèvi ak li, ak
pen yo ofri bay Bondye a tou, 14 gwo lanp sèt branch
lan ak tout bagay ki sèvi avè l' yo, tèt lanp yo ak lwil pou
lanp yo, 15 lòtèl pou boule lansan an ak tout manch li
yo, lwil yo sèvi pou mete moun apa pou sèvis Bondye a,
lansan santi bon, rido pou fèmen kote yo antre nan tant
lan, 16 lòtèl pou boule nan dife bèt yo ofri bay Bondye,
avèk griyaj an kwiv li a, ak tout manch li yo ak tout bagay
ki pou sèvi avè l' yo, basen lan ak tout pye li, 17 rido pou
galeri a ak poto l' yo ak tout sipò yo, rido pou fèmen kote
pou yo antre nan galeri a, 18 dis pikèt ak tout kòd pou
tant lan ak galeri a, 19 bèl rad seremoni pou prèt yo mete
sou yo lè y'ap fè sèvis nan kote ki apa pou Bondye a, rad
pou Arawon, prèt la, ak rad pou pitit gason l' yo lè y'ap fè
travay prèt yo. 20 Lè Moyiz fin di yo sa, tout pèp Izrayèl la
al lakay yo. 21 Apre sa, tout moun ki te soti pou bay ak
tout kè yo, ki te vle fè ofrann, tounen vin jwenn li. Yo te
pran nan sa yo genyen, yo pote ofri bay Seyè a pou fè
Tant Randevou a, pou fè tout bagay yo bezwen pou sèvis
li ansanm ak rad seremoni yo. 22 Tout moun ki te soti
pou bay ak tout kè yo pou fè ofrann, fanm kou gason,
yo vini, yo pote zanno, bag, kolye, braslè ak tout kalite
bijou an lò. Chak moun te pote bijou an lò yo te mete apa
pou Bondye. 23 Tout moun ki te gen bon twal siperyè
koulè ble, koule violèt osinon koulè wouj, twal fen blan,
twal pwès fèt ak pwal kabrit, po belye tenn koulè wouj, ou
ankò po bazann, tout moun ki te gen bagay sa yo lakay
yo pote yo vini. 24 Tout moun ki te vle ofri ajan ak kwiv
devan Seyè a, yo te pote l', yo te leve l' devan Seyè a.
Tout moun ki te gen bwa zakasya lakay yo ki te ka sèvi
nan travay la te pote l'. 25 Tout fanm ki te gen ladrès te
file fil koulè ble, violèt ak wouj, ak twal fen koulè blan, epi
yo pote yo vini. 26 Tout fanm ki te soti pou fè kichòy ak
tout kè yo te fè twal pwès ak pwal kabrit, yo pote yo vini
tou. 27 Chèf yo menm te pote pyè oniks ak lòt pyè pou yo
gani jile ak plastwon prèt la, 28 ansanm ak epis santi
bon ak lwil pou lanp sèt branch lan, lwil yo sèvi pou mete
moun apa pou Bondye, ak lansan santi bon. 29 Se konsa
tout moun pèp Izrayèl ki te soti pou bay kichòy ak tout kè
yo pou travay Seyè a te di Moyiz ba yo lòd fè a, fanm
kou gason, yo te pote ofrann yo te vle fè bay Seyè a. 30
Moyiz di pèp Izrayèl la: -Gade. Seyè a chwazi Bezaleyèl,
pitit Ouri a, pitit pitit Our, nan branch fanmi Jida a. 31 Li
mete lespri l' sou li an kantite pou l' ba li ladrès, konesans
ak bon konprann pou l' fè tout kalite travay atizan yo konn
fè a, 32 pou l' konn fè bèl desen, pou l' fè travay an lò, an
ajan ak an kwiv, 33 pou l' travay pyè tankou òfèv yo konn
fè a, epi pou l' konn moute yo, pou l' travay bwa, pou l' ka
fè tout kalite travay atizan konn fè. 34 Bondye ba li don
pou l' moutre lòt moun metye sa yo. Se menm jan an tou
pou Owoliyab, pitit Ayisamak, nan branch fanmi Dann lan.
35 Seyè a ba yo konesans ak ladrès pou yo ka fè tout
kalite travay atizan ka fè, desen sou bwa, bon twal koulè
ble, violèt ak wouj, twal fen blan. Wi, li ba yo ladrès pou
yo ka fè tout metye, pou yo ka fè tout kalite bèl bagay.

36 Bezaleyèl, Owoliyab ansanm ak tout moun ki gen
konprann, tout moun Seyè a te bay ladrès ak
konesans pou yo ka fè tou sa ki nesesè pou kay Bondye
a, se pou yo fè tout bagay jan Seyè a te bay lòd la. 2
Moyiz fè rele Bezaleyèl, Owoliyab ansanm ak tout lòt bòs
atizan Bondye te bay ladrès ak konesans. Li fè rele tout
moun ki te vle pou yo mete men nan travay la ak tout
kè yo. 3 Yo resevwa nan men Moyiz tout ofrann moun
pèp Izrayèl yo te pote pou fè tou sa ki nesesè pou kay
Bondye a. Y al travay. Moun Izrayèl yo menm te toujou ap
pote ofrann yo bay Moyiz chak maten, san pesonn pa t'
fòse yo. 4 Lè sa a, tout bòs atizan ki t'ap travay pou kay
Bondye a kite travay yo t'ap fè a, yo vin jwenn Moyiz. 5
Yo di l' konsa: -Pèp la pote depase sa nou bezwen pou
nou fini ak travay Seyè a te bay lòd fè a. 6 Lè sa a, Moyiz
fè pibliye lòd sa a nan tout kan an: -Pesonn, ni gason ni
fanm, pa bezwen pote ankenn ofrann pou kay Bondye a
ankò. Se konsa, yo te fè moun yo sispann pote lòt ofrann.
7 Sa yo te pote deja a te menm twòp pou travay ki te gen
pou fèt la. 8 Yo pran ouvriye ki te pi abil nan travay la
pou fè tant lan. Yo fè l' ak dis lèz twal fen blan tise byen
sere, twal lenn koulè ble, violèt, wouj, avèk pòtre zanj
cheriben bwode byen bèl sou tout kò l'. 9 Chak lèz te
mezire katòz mèt longè, de mèt lajè. Tout lèz yo te menm
gwosè. 10 Yo pran senk lèz, yo koud yo ansanm. Apre sa,
yo fè menm bagay la tou ak senk lòt lèz yo. 11 Yo pran
kòdon fèt ak twal ble, yo fè pasan, yo moute yo sou rebò
dènye lèz nan chak gwoup. 12 Yo mete senkant pasan
nan premye lèz premye gwoup la ak senkant pasan nan
dènye lèz dezyèm gwoup la yon jan pou yo koresponn de
pa de. 13 Yo te fè senkant ti kwòk an lò. Yo pase kwòk
yo nan pasan yo pou kenbe de gwoup rido yo ansanm.
Se konsa, yo te fè yon sèl tant pou sèvi kay kote pou
Bondye rete a. 14 Apre sa, yo fè onz lèz twal ak pwal
kabrit pou kouvri tant kote Bondye rete a. 15 Tout onz lèz
yo te menm gwosè, chak te mezire kenz mèt longè ak de
mèt lajè. 16 Yo pran senk lèz, yo koud yo ansanm sou
yon bò. Apre sa, yo fè menm bagay la ak sis lòt lèz yo
apa. 17 Yo mete senkant pasan sou rebò dènye lèz nan
premye gwoup la ak senkant pasan sou rebò dènye lèz
nan dezyèm gwoup la. 18 Yo fè senkant ti kwòk an kwiv
pou kenbe de gwoup lèz yo ansanm, pou yo ka fè yon sèl
tant. 19 Yo fè yon kouvèti pou tant lan ak po belye tenn
koulè wouj. Apre sa, yo fè yon lòt kouvèti ak po bazann

pou ale anwo kouvèti ki fèt ak po belye a. **20** Yo te fè
ankadreman an bwa zakasya pou soutni tant Bondye
a. **21** Chak ankadreman te mezire kenz pye longè sou
vennsèt pous lajè. **22** Yo chak te gen de bout ki depase ki
te penmèt mare yo yonn ak lòt. Yo fè tout ankadreman
kay la menm jan an tou. **23** Yo te fè ven ankadreman pou
fasad sid la. **24** Yo fè karant sipò an ajan pou ale anba
pye ankadreman yo, de sipò pou chak ankadreman. **25**
Yo fè ven ankadreman pou fasad nò a, **26** ak karant sipò
an ajan, de pou chak ankadreman. **27** Pou fasad lwès
kay Bondye a, ki bay sou dèyè, yo fè sis ankadreman **28**
ak de lòt ankadreman ki pou fè kwen ki sou deyè kay
Bondye a. **29** Kwen yo te mare yonn ak lòt pa anba, yo te
bout-a-bout jouk anwo nan gwo bag la. Se konsa yo te
moute de ankadreman ki te fè de kwen yo. **30** Konsa sa
te fè wit ankadreman ak sèz sipò an ajan, de sipò pou
chak ankadreman. **31** Apre sa, yo fè travès yo an bwa
zakasya. Yo mete senk pou ankadreman sou yon bò kay
Bondye a, **32** senk pou ankadreman sou lòt bò a ak senk
pou ankadreman sou bò lwès la pa dèyè. **33** Yo fè travès
mitan an yon jan pou l' pase nan ren ankadreman yo, depi
yon bout rive nan lòt bout la. **34** Yo te kouvri ankadreman
yo ak lò. Yo te fè bag an lò pou kenbe travès yo. Apre sa,
yo kouvri tout travès yo ak lò tou. **35** Yo fè rido a ak bon
twal koulè ble, violèt epi wouj ansanm ak twal fen blan
tise byen sere, avèk pòtre zanj cheriben bwode byen bèl
sou tout kò l'. **36** Yo fè kat poto an bwa zakasya pou rido
a. Yo te kouvri yo ak lò, yo moute kwòk an lò sou yo. Yo
travay kat sipò an ajan pou poto yo. **37** Pou fèmen kote
yo antre nan tant lan, yo fè yon rido ak bon twal ble, violèt
ak wouj, ansanm ak twal fen blan tise byen sere, bwode
sou tout kò l'. **38** Yo fè senk poto avèk kwòk. Yo kouvri tèt
poto yo ak trenng pou soutni rido yo ak lò. Epi yo fè senk
sipò an kwiv pou poto yo.

37 Bezaleyèl te fè Bwat Kontra a an bwa zakasya.
Bwat la te mezire twa pye nèf pous longè, de pye
twa pous lajè ak de pye twa pous wotè. **2** Li kouvri l' nèt,
andedan kou deyò, ak pi bon kalite lò ki genyen. Li mete
yon bòdi an lò fè wonn li. **3** Li fonn lò pou fè kat gwo bag
tou won pou bwat la. Li moute yonn sou chak kwen bwat
la, de chak bò. **4** Li fè de jenn ti poto an bwa zakasya, li
kouvri yo nèt ak lò. **5** Li pase poto yo nan twou bag yo,
yonn sou chak bò bwat la pou yo te kapab pote l' kote yo
vle. **6** Li fè yon kouvèti an bon lò pou bwat la. Kouvèti a te
mezire twa pye nèf pous longè ak de pye twa pous lajè. **7**
Li pran de gwo moso lò, li bat yo ak mato, li fè pòtre de
zanj cheriben li moute sou de pwent kouvèti a, **8** yonn sou
bò gòch, lòt la sou bò dwat. Li fè yo tankou si yo te fè yon
sèl pyès ak kouvèti a. **9** Zanj cheriben yo te gen zèl yo
louvri anwo tèt yo pou kouvri kouvèti a. Yo te yonn anfas
lòt, avèk tèt yo bese ap gade kouvèti a. **10** Li fè tab la an
bwa zakasya. Tab la te mezire twa pye longè, yon pye sis
pous lajè ak de pye twa pous wotè. **11** Li kouvri l' nèt ak pi
bon lò ki genyen, li mete yon bòdi an lò fè wonn li. **12** Li
mete yon ankadreman kat pous lajè anba desi a fè wonn
tab la. Epi li kouvri tout ankadreman an ak yon plak lò. **13**
Li fè kat gwo bag tou won an lò. Li moute yo nan kat kwen
tab la kote pye yo moute a. **14** Li te moute bag won yo
toupre ankadreman an. Se nan twou bag yo yo pase poto
bwa ki pou sèvi pou pote tab la. **15** Li fè poto yo ak bwa
zakasya, epi li kouvri yo nèt ak lò. Se poto sa yo ki sèvi
pou pote tab la. **16** Li fè tout bagay ki pou ale sou tab la:
asyèt, bòl, tas, gode, bagay ki pou sèvi lè y'ap fè sèvis
pou Bondye. Li fè yo ak pi bon lò ki genyen. **17** Li fè gwo
lanp sèt branch lan ak pi bon lò ki genyen. Li pran yon sèl
moso lò pou li fè lanp sèt branch lan: kò li, branch li yo,
flè yo, boujon yo, ak fèy yo ki te fè yon sèl pyès ak li.
18 Li te gen yon branch nan mitan ak twa branch chak
bò. **19** Sou chak branch sou kote yo, te gen pòtre twa flè
nwa kajou ak tout boujon yo sou yo. Konsa, konsa, sou
tout sis branch sou kote yo. **20** Sou branch mitan an te
gen kat flè nwa kajou avèk tout boujon yo sou yo. **21** Te
gen yon ti boujon anba chak pè branch sou kote yo. **22**
Boujon yo ak branch yo te fè yon sèl pyès ak pye lanp sèt
branch lan. Se yon sèl moso lò yo bat pou fè tout. **23** Li
fè sèt ti lanp pou lanp sèt branch lan avèk pensèt pou
netwaye lanp lan ak plato pou resevwa sann lan. Li fè yo
ak pi bon lò ki genyen. **24** Li te pran swasannkenz liv
bon lò pou fè lanp sèt branch lan ansanm ak tout bagay
pou sèvi ak lanp sèt branch lan. **25** Bezaleyèl fè lòtèl pou
boule lansan an ak bwa zakasya. Li fè l' kare kare: dizwit
pous lajè, dizwit pous longè, trannsis pous wotè. Kat kòn
yo te fè yon sèl pyès ak lòtèl la. **26** Bezaleyèl kouvri tout
anwo lòtèl la, kat kote l' yo ansanm ak kat kòn li yo ak pi
bon kalite lò ki genyen. Apre sa, li mete yon bòdi an lò fè
wonn li. **27** Li fè de bag an lò, li moute yo anba bòdi a sou
de kote lòtèl la. Se nan bag sa yo pou yo pase manch
ki pou sèvi pou pote lòtèl la. **28** Li fè manch yo an bwa
zakasya epi li kouvri yo nèt ak lò. **29** Bezaleyèl fè lwil ki
pou sèvi pou mete moun osinon nenpòt bagay apa pou
Bondye a ansanm ak lansan santi bon an, jan moun ki
konn fè odè avèk ladrès yo fè yo.

38 Bezaleyèl fè lòtèl pou boule ofrann yo an bwa
zakasya. Li fè l' kare kare: Li te mezire sèt pye sis
pous longè, sèt pye sis pous lajè, kat pye sis pous wotè.
2 Li travay kat kòn sou kat kwen lòtèl la. Kòn yo te fè yon
sèl pyès ak lòtèl la. Apre sa, li kouvri tout ak kwiv. **3** Li fè
tout bagay ki pou mache ak lòtèl la: recho, pèl, fouchèt,
plato pou resevwa sann, kivèt. Li fè tout bagay sa yo an
kwiv. **4** Li fè yon griyaj an kwiv pou lòtèl la, tankou griy
pou griye vyann. Li mete griyaj la anba rebò lòtèl la, li fè l'
soti anba rive mwatye wotè lòtèl la. **5** Li fè kat gwo bag
tou won an kwiv, li mete yo nan kat pwent griyaj la. Se nan
bag sa yo pou yo pase poto ki sèvi manch pou pote lòtèl
la. **6** Apre sa, li fè manch an bwa zakasya, li kouvri yo an
kwiv nèt. **7** Li pase manch yo nan bag won yo sou chak
bò lòtèl la, pou yo ka pote lòtèl la. Li fè lòtèl la an planch.
Tout anndan lòtèl la te rete vid. **8** Bezaleyel pran moso
kwiv poli ki te sèvi glas pou medam k'ap sèvi nan pòt

antre Tant Randevou a, li fè yon gwo basen an kwiv avèk
yon pye an kwiv tou pou mete l' chita. 9 Li fè galeri a. Sou
bò sid la, li moute yon seri rido fèt ak lèz twal fen blan tise
byen sere, sou senkant mèt longè. 10 Ven ankadreman
yo ak ven sipò yo te fèt an kwiv. Kwòk poto yo ak trenng
yo te an ajan. 11 Menm jan an tou, sou bò nò a, li moute
yon seri rido ki gen senkant mèt longè avèk ven poto sou
ven sipò an kwiv. Kwòk poto yo ak trenng yo te an ajan.
12 Sou bò lwès la, li moute yon seri rido fèt ak lèz twal ki
mezire ven mèt longè, avèk dis poto chita sou dis sipò
avèk kwòk poto yo ak trenng yo an ajan. 13 Sou bò lès la,
galeri a te gen swasannkenz pye lajè. 14 Sou bò gòch
espas kote yo antre a, li moute rido sou yon longè vennde
pye sis pous avèk twa poto chita sou twa sipò. 15 Sou
bò dwat la, li moute rido sou yon longè vennde pye sis
pous avèk twa poto chita sou twa sipò. Se konsa sa te
fèt chak bò pòt kote yo antre a. 16 Tout rido yo te fèt ak
twal fen blan tise byen sere. 17 Sipò poto yo te fèt an
kwiv. Kwòk poto yo ak trenng yo, te fèt an ajan. Tèt poto
yo te kouvri an ajan. Tout poto galeri a te mare yonn ak
lòt ak trenng an ajan. 18 Rido ki te fèmen kote yo antre
nan tant lan te bwode byen bèl sou tout kò l'. Li te fèt ak
bon twal siperyè koulè ble, violèt ak wouj ansanm ak twal
fen blan tise byen sere. Li te gen dis mèt longè, de mèt
edmi wotè, tankou rido galeri a. 19 Kat poto kwen, chita
sou kat sipò an kwiv tou, t'ap soutni rido pòt la. Kwòk
yo ak trenng yo te fèt an ajan. Tèt poto yo te kouvri an
ajan. 20 Li fè tout pikèt pou tant lan ak pou galeri a an
kwiv. 21 Men kantite metal yo te sèvi pou fè tant kote
yo mete Bwat Kontra a. Dapre lòd Moyiz te bay, se pitit
Levi yo ki te fè lis metal yo, epi se Itama, pitit Arawon,
prèt la, ki t'ap dirije yo nan travay sa a. 22 Bezaleyèl,
pitit Ouri, pitit pitit Our, nan branch fanmi Jida a, te fè
tou sa Seyè a te bay Moyiz lòd fè a. 23 Se Owoliyab,
pitit Ayisamak, nan branch fanmi Dann lan, ki te ede l'.
Owoliyab sa a te yon bon bòs atizan ki te konn fè desen.
Li te konn bwode lenn ble, violèt ak wouj ansanm ak twal
fen blan. 24 Tout lò yo te sèvi pou fè travay nan kote ki
apa pou Bondye a, se te lò moun yo te ofri bay Bondye.
Lò a te peze demil nèfsantrant (2930) liv, dapre mezi yo
sèvi nan kote ki apa pou Seyè a. 25 Ajan yo te ranmase
pou resansman an te peze dimil swasanndis (10.070) liv,
dapre mezi yo sèvi kote ki apa pou Seyè a. 26 Sa se
kantite ajan yo ranmase antou nan men moun ki te vin
bay non yo lè resansman an. Chak moun te bay kantite
yo te mande yo, ki vle di yon pyès ajan ki peze yon ons,
dapre mezi yo sèvi kote yo mete apa pou Seyè a. Te gen
sisantwamil senksansenkant (603.550) gason ki te gen
ventan pou pi piti, ki te enskri nan resansman an. 27 Nan
dimil swasanndis (10.070) liv ajan yo, dimil (10.000) liv te
sèvi pou fè sipò pou tant lan ansanm ak sipò pou rido yo.
Chak sipò te pran san liv. 28 Avèk swasanndis liv ajan ki
te rete a, yo fè kwòk ak trenng pou poto yo, epi yo kouvri
tèt poto yo. 29 Yo te ofri bay Seyè a sètmil katrevendis
(7.090) liv kwiv antou. 30 Yo sèvi ak kwiv la pou fè sipò ki
nan pòt antre tanp lan, lòtèl la ak griyaj kwiv la ansanm ak
tout bagay y'ap bezwen pou sèvi ak lòtèl la. 31 Yo fè sipò
pou galeri toutotou a, sipò pou pòt kote ki apa pou Seyè
a, ansanm ak tout pikèt pou tant lan ak pou galeri a.

39 Yo pran twal siperyè koulè ble, violèt ak wouj, yo fè
bèl rad seremoni pou prèt yo mete sou yo lè y'ap fè
sèvis nan kote ki apa pou Bondye a. Yo fè rad tou pou
Arawon mete sou li sèlman lè l'ap fè sèvis Bondye, dapre
lòd Seyè a te bay Moyiz. 2 Yo fè jile a ak lò, ak twal
siperyè koulè ble, violèt ak wouj, ak twal fen blan tise
byen sere. 3 Yo pran fèy lò, yo bat yo, yo koupe yo an
filang, yo travay yo nan twal ble, violèt ak wouj la, ansanm
ak nan twal fen blan an. Yo bwode yo byen bèl ak anpil
ladrès. 4 Yo fè zèpòlèt pou jile a. Yo tache yo yonn chak
bò jile a pou kenbe moso devan an ak moso dèyè a nan
plas yo. 5 Bèl sentiwon byen bwode ki mache ak jile a te
fè yon sèl pyès ak li, ak menm kalite bodri a. Yo te fè l' an
lò avèk twal siperyè koulè ble, violèt ak wouj, ansanm
ak twal fen blan tise byen sere, dapre lòd Seyè a te bay
Moyiz. 6 Apre sa, yo pran pyè oniks yo, yo moute yo chak
sou yon gwo moso lò, yo grave non douz branch fanmi
Izrayèl yo tankou lè y'ap grave non moun sou so. 7 Yo
moute pyè yo sou de zèpòlèt jile a, pou yo toujou chonje
branch fanmi pep Izrayèl yo, jan Seyè a te bay Moyiz lòd
la. 8 Yo fè plastwon an, yo bwode l' byen bèl ak anpil
ladrès tankou jile a. Yo fè l' an lò ak twal siperyè koulè
ble, violèt ak wouj ansanm ak twal fen blan tise byen sere.
9 Yo fè l' kare kare, epi yo double l'. Li te mezire nèf pous
kare kare, li te double. 10 Yo moute kat ranje pyè sou li.
Nan premye ranje a, yo mete yon pyè woubi, yon pyè
topaz ak yon pyè emwòd. 11 Nan dezyèm ranje a, yo
mete yon pyè malachi, yon pyè safi ak yon pyè dyaman.
12 Nan twazyèm ranje a, yo mete yon pyè opal, yon pyè
agat ak yon pyè ametis. 13 Nan katriyèm ranje a, yo mete
yon pyè krizolit, yon pyè oniks ak yon pyè jasp. Yo te
moute chak pyè sou yon moso lò. 14 Te gen antou douz
pyè ak non douz branch fanmi pèp Izrayèl yo grave yonn
sou chak pyè. Yo te grave yon non sou chak pyè tankou lè
òfèv ap grave so sou bag. 15 Yo fè ti chenn pou plastwon
an. Ti chenn yo te trese tankou ti kòdon. Yo te fèt ak pi
bon kalite lò ki genyen. 16 Apre sa, yo fè de moso lò pou
moute pyè yo ak de bag an lò. Yo moute de bag yo nan
de bout anwo plastwon an. 17 Yo mare de ti kòdon an lò
yo nan de bag yo, nan bout anwo plastwon an. 18 Yo
pran de lòt bout chenn yo, yo fè yo pase sou devan jile a.
Yo tache yo sou de moso lò yo ki sou zèpòlèt jile a. 19 Yo
fè de lòt bag an lò, yo tache yo nan bout anba plastwon
an sou lanvè, nan bòdi a toupre jile a. 20 Yo fè de lòt bag
an lò ankò, yo tache yo anba de zèpòlèt jile a, sou devan,
toupre kouti a anwo sentiwon jile a. 21 Yo mare de bag
plastwon an ak de bag jile a ansanm ak yon kòdon ble
pou plastwon an bat sou sentiwon jile a. Konsa, plastwon
an p'ap ka soti detache sou jile a. Yo fè tou sa dapre lòd
Seyè a te bay Moyiz. 22 Apre sa, yo pran twal ble, yo fè

rad ki pou ale anba jile a. **23** Nan mitan rad la, yo fè yon
twou pou pase nan tèt prèt la, epi yo mete yon doubli nan
ankoli a tankou yo fè l' pou varèz an po bèt yo, pou li pa
chire. **24** Yo pran twal koulè ble, violèt ak wouj ansanm ak
twal fen blan tise byen sere, yo fè bodri an fòm grenad
sou tout woulèt anba rad la. **25** Yo fè ti klòch an lò, yo
mete yo nan espas ki separe grenad yo sou tout woulèt
rad la. Ti klòch yo ak grenad yo te fè wonn rad la. **26** Yon
ti klòch, yon grenad, yon ti klòch, yon grenad sou tout
woulèt rad la pa anba, jouk yo fè tout tou rad pou Arawon
mete sou li lè l'ap fè sèvis la, jan Seyè a te bay Moyiz lòd
fè l' la. **27** Yo pran twal fen blan, yo fè chemiz pou Arawon
ak pou pitit gason l' yo. **28** Yo pran twal fen blan, yo fè
mouchwa tèt la ak ganiti pou bonnèt yo pou moun rekonèt
grad yo. Epi yo pran twal fen blan tise byen sere, yo fè
kalson yo. **29** Yo pran twal fen blan tise byen sere ak
bon twal siperyè koulè ble, violèt ak wouj, yo fè sentiwon
bwode byen bèl la, jan Seyè a te bay Moyiz lòd fè l' la. **30**
Yo fè ti plak lò ki pou ale sou mouchwa tèt la ak pi bon
kalite lò ki genyen. Yo grave pawòl sa a sou li: Apa pou
Seyè a, tankou lè y'ap grave so sou bag. **31** Yo mare l' ak
yon ti kòdon ble anwo nèt sou devan mouchwa tèt la,
dapre lòd Seyè a te bay Moyiz. **32** Se konsa yo te fin fè
tout travay pou Tant Randevou a, kote pou Bondye rete a.
Moun pèp Izrayèl yo te fè tout bagay dapre lòd Seyè a
te di Moyiz la. Wi, se konsa yo te fè l'. **33** Yo pran tout
bagay, yo pote yo bay Moyiz, depi tant lan, kay kote pou
Bondye rete a, ak tout bagay ki mache avè li yo, kwòk li
yo, ankadreman li yo, trenng li yo, poto li yo ak sipò yo,
34 twati ki fèt ak po belye tenn tou wouj yo, twati yo fè ak
po bazann ak rido pou kache Bwat Kontra a, **35** bwat ki
gen de moso ròch kontra yo, manch li yo ak kouvèti a,
36 tab la ak tou sa ki pou sèvi ak tab la, pen yo ofri bay
Bondye a, **37** gwo lanp sèt branch fèt an lò a, ti lanp ki
pou moute an liy dwat sou li yo, avèk tou sa ki pou sèvi ak
lanp sèt branch lan ansanm ak lwil pou lanp yo, **38** lòtèl
fèt an lò a, lwil pou mete moun osinon bagay apa pou
Bondye a, lansan ki santi bon an ak rido pou fèmen kote
pou antre nan tant lan, **39** lòtèl fèt an kwiv la avèk griyaj
an kwiv la, manch yo ak tou sa ki pou sèvi ak lòtèl la,
basen lan ak pye l' a, **40** rido pou galeri a, poto yo, sipò
yo, rido pou fèmen kote pou yo antre sou galeri a, kòd
yo, pikèt yo ak tou sa yo bezwen pou fè sèvis nan Tant
Randevou a kote pou Bondye rete a, **41** bèl rad seremoni
pou yo mete lè y'ap fè sèvis nan kote ki apa pou Bondye
a, rad pou Arawon, prèt la, mete sou li ansanm ak rad
pou pitit gason l' yo mete sou yo lè y'ap fè travay prèt
yo. **42** Se konsa moun pèp Izrayèl yo te fè tout travay la
jan Seyè a te bay Moyiz lòd fè l' la. **43** Moyiz egzaminen
travay yo te fè a, li wè yo te fè l' jan Seyè a te bay lòd fè l'
la. Wi, se konsa yo te fè l'. Lèfini, Moyiz beni yo.

40 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **2** -Sou premye
jou premye mwa a, w'a moute Tant Randevou a
kote pou Bondye rete a. **3** W'a mete bwat ki gen ròch
kontra a ladan l'. y'a kache bwat la ak rido a. **4** Apre sa,
w'a pote tab la vini, w'a pran tout bagay ki pou sèvi ak tab
la, w'a ranje yo sou li byen ranje. W'a fè pote lanp sèt
branch lan tou, w'a moute ti lanp yo sou li. **5** W'a pran
lòtèl an lò pou boule lansan an, w'a mete l' devan bwat ki
gen ròch kontra yo, w'a moute rido ki pou fèmen kote pou
moun antre nan tant lan. **6** W'a pran lòtèl pou boule bèt
yo ofri yo, w'a mete l' devan kote pou moun antre nan
Tant Randevou a. **7** W'a mete basen lan nan espas ki ant
Tant Randevou a ak lòtèl la. W'a mete dlo ladan l'. **8** W'a
moute galeri a fè wonn tant lan, w'a moute rido ki pou
fèmen kote pou moun antre sou galeri a. **9** W'a pran lwil
yo sèvi pou mete moun osinon bagay apa pou Bondye a,
w'a voye l' sou tant Bondye a, sou tout bagay ki ladan l'.
Se konsa w'a mete tant lan ak tou sa ki ladan li apa pou
mwen. y'a tounen bagay ki apa pou mwen nèt. **10** W'a
voye lwil la tou sou lòtèl pou boule ofrann bèt yo, ak sou
tout bagay ki sèvi avè l'. Se konsa w'a mete lòtèl la apa
pou mwen, l'a pou mwen nèt ale. **11** W'a voye lwil la tou
sou basen lan ak sou pye l' a. Se konsa w'a mete yo apa
pou mwen. **12** Apre sa, w'a fè Arawon ak pitit gason l'
yo pwoche bò kote yo antre nan Tant Randevou a. W'a
pran dlo, w'a benyen yo byen benyen. **13** W'a mete rad
seremoni yo sou Arawon. Lèfini, w'a vide lwil sou tèt li.
W'a mete l' apa pou mwen pou l' ka sèvi m' prèt. **14** W'a
fè pitit gason l' yo pwoche tou. W'a mete chemiz sou yo.
15 W'a vide lwil sou yo menm jan ou te vide lwil sou papa
yo pou yo ka sèvi m' prèt. Seremoni sa a va mete yo apa
pou yo ka toujou sèvi m' prèt, de pitit an pitit. **16** Moyiz
te fè tou sa Seyè a te ba li lòd fè. Wi, li fè tout bagay
jan Seyè a te mande l' la. **17** Sou premye jou premye
mwa nan dezyèm lanne a, yo kanpe tant lan. **18** Moyiz fè
kanpe tant lan. Li mete sipò yo nan pozisyon yo, li poze
ankadreman yo, li moute trenng yo nan plas yo, li drese
poto yo. **19** Li louvri twal tant lan sou kay la, epi li mete
twati tant lan anwo l', jan Seyè a te ba li lòd fè a. **20**
Li pran ròch kontra yo, li mete yo nan bwat la. Li pase
manch yo nan bag yo, epi li mete kouvèti a anwo bwat la.
21 Apre sa, li pote Bwat Kontra a andedan kay la, epi li
moute rido yo. Se konsa, li kache Bwat Kontra a, jan Seyè
a te ba li lòd la. **22** Li mete tab la nan plas li nan Tant
Randevou a, sou bò nò tant lan, pa deyò rido a. **23** Li
ranje pen yo byen ranje sou tab la devan Seyè a, jan
Seyè a te bay Moyiz lòd fè l' la. **24** Apre sa, Moyiz mete
lanp sèt branch lan nan Tant Randevou a, sou bò sid tant
lan anfas tab la. **25** Li ranje ti lanp yo devan Seyè a, dapre
lòd Seyè a te bay Moyiz. **26** Li mete lòtèl an lò a nan Tant
Randevou a, devan rido a. **27** Li fè boule lansan santi bon
sou li, jan Seyè a te bay Moyiz lòd fè a. **28** Li moute rido
yo kote pou yo pase antre nan tant lan. **29** Li mete lòtèl
pou boule bèt yo ofri yo devan kote pou yo antre nan Tant
Randevou a. Apre sa, li pran bèt yo ofri yo, li touye yo, li
boule yo sou lòtèl la ansanm ak lòt ofrann yo, jan Seyè a
te ba li lòd fè a. **30** Li mete basen lan nan espas ki nan
mitan Tant Randevou a ak lòtèl la, epi li mete dlo ladan l'.
31 Moyiz, Arawon ansanm ak pitit Arawon yo lave men yo

ak pye yo nan basen lan. **32** Depi y'ap antre nan Tant
Randevou a, depi y'ap pwoche bò lòtèl la, yo te lave men
yo ak pye yo, jan Seyè a te bay Moyiz lòd pou yo fè a. **33**
Apre sa, li moute galeri a fè wonn tant lan ak lòtèl la, li
mete rido kote pou yo pase antre nan tant lan. Se konsa
Moyiz te fin fè travay la. **34** Nwaj la kouvri Tant Randevou
a, epi limyè prezans Seyè a plen tant lan. **35** Moyiz pa t'
kapab antre nan Tant Randevou a, paske nwaj la te rete
anplas anwo tant lan, epi limyè prezans Seyè a te plen
tant lan. **36** Pandan tout tan moun pèp Izrayèl yo t'ap
vwayaje a, se sèlman lè nwaj la te leve soti anwo tant
lan yo te ka derape. **37** Men, si nwaj la pa t' leve anwo
tant lan, yo pa t' pati. Yo te tann jouk nwaj la te leve. **38**
Lajounen, nwaj Seyè a te rete anwo tant lan, men lannwit,
se te yon dife tout pèp Izrayèl la te wè klere nan nwaj la.
Se konsa sa te fèt pandan tout vwayaj la.

Levitik

1 Seyè a rete nan Tant Randevou a, li rele Moyiz, li di
l' konsa: **2** -W'a pale ak moun pèp Izrayèl yo, w'a di
yo: Lè yon moun vle fè Seyè a yon ofrann, si se yon bèt
li vle ofri, l'a ofri yon bèf osinon yon kabrit ou ankò yon
mouton l'a pran nan bèt li yo. **3** Si se yon gwo bèt li vle
ofri pou yo boule pou Seyè a, l'a mennen yon towo bèf ki
pa gen ankenn enfimite. L'a vin avè l' jouk devan pòt Tant
Randevou a pou Seyè a ka asepte l'. **4** L'a mete men l'
sou tèt bèt l'ap ofri a pou Bondye ka asepte l' tankou yon
ofrann l'ap fè pou mande Bondye fè li gras. **5** L'a touye
towo a la devan Seyè a. Apre sa, prèt yo, pitit Arawon yo,
va pran san an pou yo ofri l' bay Seyè a. Lèfini, y'a voye
san an sou kat bò lotèl ki toupre pòt Tant Randevou a. **6**
Apre sa, y'a kòche towo a, y'a koupe l' an moso. **7** Prèt
yo, pitit Arawon, prèt la, va limen dife sou lotèl la, y'a mete
bwa nan dife a. **8** Apre sa, prèt yo, pitit Arawon yo, va
mete moso vyann yo ansanm ak tèt la ak moso grès yo
sou dife ki sou lotèl la. **9** Moun k'ap fè ofrann lan va lave
tripay yo ak pye dèyè yo nan dlo. Lèfini, prèt yo va ofri yo
bay Seyè a. Konsa y'a boule tout ofrann lan nèt sou lotèl
la. Se sa yo rele yon ofrann bèt ou boule pou Seyè a, yon
ofrann ou boule nèt nan dife epi k'ap fè Seyè a plezi ak
bon sant li. **10** Si se yon ti bèt moun lan vle ofri pou boule
nèt pou Seyè a, l'a ofri yon ti bouk kabrit osinon yon belye
mouton ki pa gen ankenn enfimite. **11** L'a touye l' sou bò
nò lotèl la, devan Seyè a. Apre sa, prèt yo, pitit Arawon
yo, va voye san an sou kat bò lotèl la. **12** Lèfini, nonm
lan va koupe l' an moso. Prèt yo va mete tout moso yo
ansanm ak tèt la ak moso grès yo sou dife ki sou lotèl la.
13 Moun k'ap fè ofrann lan va lave tripay yo ak pye dèyè
yo nan dlo. Apre sa, prèt yo va ofri yo bay Seyè a. Konsa
l'a boule tout ofrann lan nèt sou lotèl la. Se sa yo rele yon
ofrann bèt ou boule pou Seyè a, yon ofrann ou boule nèt
nan dife epi k'ap fè Seyè a plezi ak bon sant li. **14** Si se
zwazo nonm lan ap ofri pou yo boule pou Seyè a, se va
toutrèl osinon pijon. **15** Prèt la va pran zwazo a, l'a pote l'
bò lotèl la, l'a peze bèk li, l'a tòde kou l' pou l' touye l'. Y'a
boule tèt la sou lotèl la, y'a fè san li koule sou kat bò lotèl
la. **16** L'a rache fal zwazo a ak tout plim li sou li. L'a jete l'
bò lotèl la, sou bò solèy leve, kote yo mete sann dife a.
17 Apre sa, l'a bay yon kout kouto nan mitan de zèl yo, l'a
kenbe zèl yo, l'a louvri kò zwazo a ande san li pa detache
zèl yo. Lèfini, prèt la va boule l' nèt sou dife ki sou lotèl la.
Se sa yo rele yon ofrann bèt yo boule pou Seyè a, yon
ofrann ou boule nèt nan dife epi k'ap fè Seyè a plezi ak
bon sant li.

2 Lè yon moun vle fè yon ofrann fèt ak grenn ki soti
nan jaden yo bay Seyè a, se pou l' fè farin ak grenn
yo anvan. Apre sa, l'a vide ti gout lwil oliv sou li, epi l'a
mete lansan sou li tou. **2** Lèfini, l'a pote l' bay prèt yo,
pitit Arawon yo. Yonn nan prèt yo va pran yon ponyen
nan farin melanje ak lwil la ansanm ak tout lansan an, l'a
boule l' nèt sou lotèl la, pou Seyè a pa janm bliye nonm ki
fè ofrann lan. Se sa yo rele yon ofrann yo boule nèt nan
dife epi k'ap fè Seyè a plezi ak bon sant li. **3** Rès ofrann
lan va rete pou Arawon ansanm ak pitit gason l' yo. Rès
ofrann sa a apa nèt pou Seyè a, paske se nan manje yo
ofri pou boule pou Seyè a li soti. **4** Lè w'ap ofri yon pen
kwit nan fou, se pou ou fè l' ak farin lan san ou pa mete
ledven ladan l'. Se ka gwo pen pwès fèt ak farin bat ak
lwil oliv, ou ankò ti biswit plat wouze ak lwil oliv. **5** Lè w'ap
ofri yon pen kwit sou platin, w'a fè l' ak farin ble bat ak lwil
oliv, men san ledven ladan l'. **6** W'a koupe l' an ti moso,
epi w'a vide lwil sou li. Se konsa w'a ofri l' bay Seyè a. **7**
Lè w'ap ofri yon pen kwit nan chodyè, w'a fè l' ak farin
melanje ak lwil oliv. **8** W'a fè yon ofrann avè l' bay Seyè a.
W'a pote l' bay prèt la ki va mete l' sou lotèl la. **9** Prèt la
va pran yon moso nan ofrann lan ki va sèvi pou Seyè a
pa janm bliye moun ki fè ofrann lan, l'a boule l' sou lotèl
la. Se sa yo rele yon ofrann manje yo boule nan dife epi
k'ap fè Seyè a plezi ak bon sant li. **10** Rès ofrann lan va
rete pou Arawon ansanm ak pitit gason l' yo. Rès ofrann
sa a apa nèt pou Seyè a, paske yo pran l' nan manje yo
ofri pou boule pou Seyè a. **11** Piga ou janm ofri bay Seyè
a ofrann manje ki gen ledven ladan l'. Piga ou janm sèvi
ni ak ledven, ni ak siwo myèl nan ofrann w'ap boule nan
dife pou Seyè a. **12** W'a ofri ledven ak siwo myèl fè Seyè
a kado tankou ofrann premye donn nan jaden nou. Men,
piga ou boule yo sou lotèl la, tankou ofrann ki pou fè Seyè
a plezi ak bon sant yo. **13** W'a simen sèl sou tout ofrann
w'ap fè, paske sèl la se pou fè ou chonje kontra Bondye
te pase avè ou la. Wi, se pou nou mete sèl sou tou sa
n'ap ofri. **14** Lè w'ap ofri bay Seyè a premye grenn ki bon
yo, w'a ofri grenn griye nan dife ak farin ble. **15** W'a mete
lwil oliv sou li ansanm ak lansan. Se konsa w'a ofri l' bay
Seyè a. **16** Prèt la va pran ti gout nan ofrann manje a ak
nan lwil la, l'a boule l' ansanm ak tout lansan an. Se sa yo
rele yon ofrann manje yo boule nan dife pou Seyè a.

3 Lè yon moun vle ofri bèt pou di Bondye mèsi, si se
yon gwo bèt l'ap ofri, l'a bay yon towo bèf osinon yon
vach ki pa gen ankenn enfimite. **2** L'a mete men l' sou tèt
bèt l'ap ofri a, l'a touye l' devan pòt Tant Randevou a. Prèt
yo, pitit Arawon yo, va voye san an sou kat bò lotèl la. **3**
Nan bèt yo ofri a, l'a pran pati sa yo: grès ki vlope tripay
la, **4** de wonyon yo ak tout grès ki sou yo a, ansanm ak
mas grès ki sou fwa a, l'a boule yo tout nan dife pou Seyè
a. **5** Pitit Arawon yo va boule tou sa sou lotèl la ansanm
ak ofrann boule ki te deja sou bwa dife a. Se sa yo rele
yon ofrann yo boule nèt nan dife k'ap fè Seyè a plezi ak
bon sant li. **6** Si se yon ti bèt moun lan vle ofri, l'a bay yon
mouton osinon yon kabrit, bouk ou fenmèl, men ki pa gen
ankenn enfimite. **7** Si se yon ti mouton l'ap ofri bay Seyè
a, l'a mennen l' devan lotèl Seyè a, **8** l'a mete men l' sou
tèt bèt l'ap ofri a, l'a touye l' la devan pòt Tant Randevou
a. Apre sa, pitit Arawon yo va voye san an sou kat bò lotèl
la. **9** Nan bèt yo ofri a, l'a pran pati sa yo: grès la, ke
y'a koupe ra koupyon an, grès ki vlope tripay la, **10** de

wonyon yo ak tout grès ki sou yo a, ansanm ak mas grès
ki sou fwa a, l'a boule yo nan dife pou Seyè a. 11 Prèt la
va boule tou sa sou lotèl la. Se konsa y'a sèvi pou fè yon
ofrann boule nèt pou Seyè a. 12 Si se yon kabrit li vle ofri,
l'a mennen l' devan lotèl Seyè a. 13 L'a mete men l' sou
tèt li, l'a touye l' la devan Tant Randevou a. Lèfini, pitit
Arawon yo va voye san an sou kat bò lotèl la. 14 L'a pran
pati sa yo: grès ki vlope tripay la, 15 de wonyon yo ak tout
grès ki sou yo a, ansanm ak mas grès ki sou fwa a, l'a
boule yo nan dife pou Seyè a. 16 Prèt la va boule tou
sa sou lotèl la. Tout grès la se pou Seyè a li ye. Se yon
ofrann ou boule nèt nan dife epi k'ap fè Seyè a plezi ak
bon sant li. 17 Piga nou janm manje ni grès ni san. Sa
se yon regleman pou nou swiv, de pitit an pitit, kote nou
pase.

4 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: 2 -Men sa pou
ou di moun pèp Izrayèl yo: Si yon moun fè yon peche
san li pa konnen, si li pa swiv lòd Seyè a bay epi li fè
sa l' pa t' dwe fè, men sa pou yo fè l': 3 Si se granprèt
la ki fè yon peche konsa epi ki lakòz tout pèp la ap sibi
chatiman, granprèt la va mennen yon ti towo bèf san
ankenn enfimite, l'a ofri l' bay Seyè a pou peche l' la. 4
L'a mennen towo a devan pòt Tant Randevou a, l'a mete
men l' sou tèt towo a, epi l'a touye l' la devan Seyè a. 5
Apre sa, granprèt la va pran ti gout nan san towo a, l'a
pote l' anba Tant Randevou a, 6 l'a tranpe dwèt li nan san
an, epi l'a voye san an sèt fwa devan rido kote ki apa pou
Seyè a. 7 Apre sa, l'a pran ti gout nan san an, l'a mete l'
sou kat kòn lotèl lansan an ki anndan Tant Randevou a.
L'a vide rès san an nan pye lotèl kote yo boule bèt yo ofri
yo, ki bò pòt kote yo antre nan tant lan. 8 Apre sa, l'a
wete tout grès ki nan towo yo te ofri pou peche a. Y'a
wete tout grès ki vlope tripay la, 9 de wonyon yo ak tout
grès ki sou yo a, ansanm ak mas grès ki sou fwa a. 10
L'a wete yo menm jan yo fè sa lè y'ap fè ofrann bèt pou
di Bondye mèsi. Prèt la va boule tout grès la sou lotèl
ki la pou boule kalite ofrann bèt sa yo. 11 Men, l'a pran
po towo a ansanm ak tout vyann lan, tèt la, pye yo, tout
tripay la avèk tout poupou a ladan l'. 12 Wi, l'a pran tout
rès towo a, l'a fè yo pote l' andeyò limit kote yo rete a.
Lè y'a rive kote ki rezève pou jete sann lotèl yo, y'a fè
yon dife bwa, y'a boule rès towo a sou li. Wi, kote yo jete
sann dife a, se la pou yo boule vyann towo a. 13 Si se
tout pèp Izrayèl la ki fè peche san yo pa fè espre, si yo
antò devan Bondye paske, san yo pa konnen, yo fè yon
bagay Seyè a te ba yo lòd pou yo pa fè, 14 lè y'a vin wè
yo te fè yon peche, y'a mennen yon jenn towo, y'a ofri l'
bay Bondye pou l' ka wete peche yo a. Y'a mennen l'
devan Tant Randevou a. 15 Lè y'a rive la, chèf fanmi pèp
Izrayèl yo va mete men yo sou tèt towo a, epi y'a touye l'
la devan lotèl Seyè a. 16 Granprèt la va pran ti gout nan
san towo a, l'a pote l' anndan Tant Randevou a. 17 L'a
tranpe dwèt li nan san an sèt fwa, l'a voye l' sèt fwa sou
devan rido kote ki apa pou Seyè a. 18 Apre sa, l'a pran ti
gout nan san an, l'a mete l' sou kat kòn lotèl ki devan
Seyè a, anndan Tant Randevou a. L'a vide rès san an nan
pye lotèl kote yo boule bèt yo ofri yo, lotèl ki bò pòt kote
yo antre nan tant lan. 19 Apre sa, l'a pran tout grès towo
a, l'a boule l' sou lotèl la. 20 Menm sa li gen pou l' fè pou
towo li ta ofri pou pwòp peche li fè, l'a fè l' pou towo sa a
tou. Konsa, prèt la va fè ofrann bèt pou peche pèp la te fè
san yo pa konnen an, epi Bondye va padonnen peche yo
a. 21 Lèfini, l'a pran rès towo a, l'a pote l' andeyò limit kote
yo rete a, l'a boule l' menm jan li gen pou l' boule towo li
ta ofri pou pwòp peche li fè. Se sa yo rele ofrann bèt yo fè
pou wete peche tout pèp la te fè san li pa konnen. 22 Si
se yon chèf ki fè peche, ki rive antò devan Bondye li a
paske, san li pa fè espre, li pa swiv yonn nan lòd Seyè a
te bay la, 23 rive li rive konnen sa l' fè a pa bon, se pou
l' mennen yon ti bouk kabrit ki pa gen ankenn enfimite,
l'a ofri l' pou yo touye l' bay Seyè a. 24 L'a mete men l'
sou tèt kabrit la, l'a touye l' sou bò nò lotèl la, kote yo
konn touye bèt yo ofri pou boule nèt pou Seyè a. Se sa
yo rele yon ofrann bèt pou wete peche moun fè san yo
pa konnen. 25 Prèt la va tranpe dwèt li nan san bèt yo
ofri pou peche a, l'a mete san sou kat kòn lotèl kote yo
boule bèt yo ofri bay Bondye yo, l'a vide rès san an nan
pye lotèl la. 26 Apre sa, l'a boule tout grès la sou lotèl la,
menm jan yo fè l' pou grès bèt yo ofri pou di Bondye mèsi
a. Se konsa prèt la va fè ofrann bèt pou wete peche chèf
la te fè san li pa konnen an, epi Bondye va padonnen l'
sa. 27 Si se nenpòt lòt moun nan pèp la ki fè peche san li
pa fè espre, ki vle di li antò paske li fè yon bagay Seyè a
te bay lòd pa fè men li fè l' san l' pa konnen, 28 rive moun
sa a rive konnen sa l' fè a pa bon, se pou l' mennen yon
fenmèl kabrit ki pa gen ankenn enfimite, l'a ofri l' pou yo
touye l' bay Seyè a pou peche li a. 29 L'a mete men l' sou
tèt kabrit la, l'a touye l' sou bò nò lotèl la, kote yo konn
touye bèt yo ofri pou boule nèt pou Seyè a. 30 Prèt la va
tranpe dwèt li nan san bèt yo ofri a, l'a mete san sou kat
kòn lotèl kote yo boule bèt yo ofri bay Bondye yo, l'a vide
rès san an nan pye lotèl la. 31 Lèfini, l'a wete tout grès la,
menm jan yo fè l' pou bèt yo ofri pou di Bondye mèsi a,
y'a boule l' sou lotèl la pou fè Bondye plezi ak bon sant li.
Se konsa prèt la va fè ofrann bèt pou wete peche moun
lan te fè san li pa t' konnen an, epi Bondye va padonnen l'
sa. 32 Si se yon ti mouton moun lan ap ofri pou wete
peche li fè a, se yon ti fenmèl ki pa gen ankenn enfimite
pou l' mennen. 33 L'a mete men l' sou tèt bèt li ofri pou
wete peche li a, l'a touye l' sou bò nò lotèl la, kote yo konn
touye bèt yo ofri pou boule nèt pou Seyè a. 34 Prèt la
va tranpe dwèt li nan san bèt yo ofri a, l'a mete san sou
kat kòn lotèl kote yo boule bèt yo ofri bay Bondye yo,
epi l'a vide rès san an nan pye lotèl la. 35 Apre sa, l'a
wete tout grès la, menm jan yo fè l' pou mouton yo ofri
pou di Bondye mèsi a, l'a boule l' sou lotèl la ansanm ak
lòt ofrann y'ap boule pou Seyè a. Se konsa prèt la va
fè ofrann bèt pou wete peche moun lan te fè san l' pa t'
konnen an, epi Bondye va padonnen l' sa.

5 Men nan ki sikonstans pou yo fè ofrann bèt pou peche
moun fè san yo pa konnen: Si yon moun fin fè sèman
nan tribinal pou l' di sa ki pase epi li refize pale sa l' te wè
ou ankò sa li vin konnen, li gen pou l' peye pou sa li fè a.
2 Si yon moun rive manyen, san li pa konnen, yon bagay
moun k'ap sèvi Bondye pa gen dwa manyen, tankou
kadav yon bèt ki pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye, li te
mèt yon bèt nan bwa, li te mèt yon bèt kay, li te mèt yon
bèt k'ap trennen sou vant, lè l' rive konnen sa l' fè a, li
menm tou li pa nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye,
epi li antò pou sa l' fè a. **3** Si, san li pa konnen, li rive
manyen yon nonm ki pa nan kondisyon pou fè sèvis pou
Bondye, nenpòt ki jan moun lan te ka rive nan eta sa a, lè
pita li vin konnen sa l' fè a, li antò pou sa l' fè a. **4** Si yon
moun kite bouch li mennen l', epi li sèmante, li di l'ap fè
yon bagay, se ka yon move bagay osinon yon bon bagay,
lè l' vin rekonèt sa, se pou l' peye sa l' fè a. **5** Lè yon
moun rive antò paske li fè yonn nan bagay sa yo, se pou
l' rekonèt devan tout moun sa l' fè a mal. **6** Apre sa, l'a
peye pou peche li fè a, l'a pran yon fenmèl nan mouton
pa l' yo, osinon nan kabrit li yo, l'a ofri l' bay Seyè a pou
peche li te fè a. Prèt la va fè ofrann bèt pou wete peche
nonm lan. **7** Men, si nonm lan pa ka bay yon mouton
osinon yon kabrit, l'a pote yon pè toutrèl osinon yon pè
pijon pou peye pou peche a. L'a ofri yo bay Seyè a, yonn
pou yo touye pou peche a, lòt la pou yo boule nèt sou
lotèl la. **8** L'a pote yo bay prèt la. Prèt la menm va ofri
zwazo pou peche a anvan. L'a kase kou zwazo a, san li
pa separe tèt la ak rès kò a. **9** L'a voye ti gout nan san an
bò lotèl la. Epi l'a vide rès san an nan pye lotèl la. Se va
yon ofrann bèt yo touye pou wete peche a. **10** Apre sa, l'a
ofri dezyèm zwazo a, l'a boule l' dapre regleman yo. Se
konsa prèt la va fè ofrann bèt pou wete peche moun lan te
fè a, epi Bondye va padonnen l' sa l' te fè a. **11** Si moun
lan pa ka bay de toutrèl osinon de pijon pou peye pou
peche li fè a, l'a pote de liv bon farin. Li p'ap bezwen mete
ni lwil oliv ni lansan sou li, paske se yon ofrann pou wete
peche l'ap fè. **12** L'a pote l' bay prèt la, prèt la va pran yon
ponyen nan farin lan ki va sèvi pou Seyè a pa janm bliye
moun ki fè ofrann lan. L'a ofri l' bay Seyè a, l'a boule l' sou
lotèl la tankou yon ofrann yo boule bèt pou Seyè a. Se va
yon ofrann yo fè pou wete peche a. **13** Se konsa, prèt la
va fè ofrann pou wete peche moun lan te fè a, Bondye va
padonnen l' sa l' te fè a. Rès farin lan va rete pou prèt la,
tankou lè y'ap fè ofrann manje. **14** Seyè a pale ak Moyiz,
li di l' konsa: **15** -Si yon moun fè yon peche san li pa fè
espre, si li fè sa li pa t' dwe fè, tankou lè li bliye bay sa
li te dwe bay pou Seyè a, l'a fè yon ofrann pou repare
bagay li te fè ki mal la. L'a pran yon belye mouton nan bèt
li yo, yonn ki san ankenn enfimite. Y'a di konbe bèt la vo,
dapre lajan yo sèvi nan kay Bondye a, epi l'a ofri l' bay
Seyè a. Se sa yo rele yon ofrann pou peye pou sa yon
moun fè ki mal. **16** Se pou l' peye tou sa li te bliye bay
Seyè a, plis vin pou san anwo li. L'a pote l' bay prèt la.
Prèt la menm va ofri bouk la, l'a touye l' pou peye pou sa
moun lan te fè ki mal, epi Bondye va padonnen l' sa. **17**
Si yon moun fè peche san l' pa konnen, si li fè yon bagay
Seyè a te bay lòd pa fè, atout li pa t' fè espre, li antò. Se
pou l' peye pou sa l' fè a. **18** L'a pran yon belye nan bèt li
yo, yonn ki pa gen ankenn enfimite, l'a pote l' bay prèt la.
Prèt la menm va ofri l' pou peye pou sa moun lan te fè
ki mal. Y'a kalkile pri bèt la dapre sistèm lajan yo sèvi
nan kay Bondye a. Prèt la va fè ofrann lan pou peye pou
sa moun lan te fè san l' pa t' konnen an, epi Bondye va
padonnen l' sa. **19** Se sa yo rele yon ofrann moun fè pou
peye pou sa yo fè ki mal kont Seyè a.

6 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **2** -Si yon moun
fè peche, si li fè bagay Seyè a pa vle moun fè, si li
bay yon moun pèp Izrayèl parèy li manti sou bagay li te
mete an depo lakay li, sou bagay li te ba li kenbe pou
li an zanmi, ou ankò si li vòlò l', ou ankò si li twonpe l',
3 ou ankò si li jwenn bagay lòt la te pèdi epi li manti, li
sèmante li pa t' jwenn li, pou tout bagay mal sa yo yon
moun ka fè, se pou yo fè yon ofrann. **4** Lè yon moun fè
yon peche konsa, li koupab, epi se pou l' renmèt sa l' te
vòlò a, osinon lajan li te fè sou tèt lòt la, osinon depo yo
te ba l' kenbe a, ou ankò bagay pèdi li te jwenn lan, **5**
ou ankò sa l' te sèmante li pa t' jwenn lan. Wi, se pou l'
renmèt tout plis ven pou san bay mèt bagay la, jou l'ap fè
ofrann pou peye pou sa l' te fè ki mal la. **6** Apre sa, l'a
pran yon belye nan bèt li yo, yonn ki san ankenn enfimite,
l'a mennen l' bay prèt la ki va ofri l' bay Seyè a pou li peye
pou sa l' te fè ki mal la. Y'a kalkile pri belye a dapre sa yo
gen pou yo peye pou ofrann konsa. **7** Prèt la va fè ofrann
lan pou li bay Seyè a. Bondye va padonnen l' nenpòt kisa
li te fè li pa t' dwe fè. **8** Seyè a pale ak Moyiz, li di l' ankò:
9 -Men lòd pou ou pase Arawon ansanm ak pitit gason l'
yo. Men ki jan pou yo fè ofrann pou yo boule nèt pou
Seyè a. Se pou ofrann lan pase tout nwit la ap boule jouk
denmen maten sou lotèl la. Se pou dife sou lotèl la pa
janm mouri. **10** Nan maten, prèt la va chanje rad sou li, l'a
mete yon chemiz fèt ak twal fen blan, ansanm ak yon
kalson ki fèt ak menm twal la, l'a wete sann ki rete apre
ofrann lan fin boule nèt sou lotèl la, l'a mete l' sou kote
lotèl la. **11** Apre sa, l'a chanje rad ankò, l'a mete rad òdinè
l' sou li, l'a pote sann lan kote ki rezève pou sa, andeyò
lòt bò limit kote moun yo rete a. **12** Fòk dife ki sou lotèl la
toujou ap boule. Pa janm kite l' mouri. Chak maten prèt la
va mete bwa ladan l', epi l'a ranje ofrann pou boule a sou
li, epi l'a boule grès ofrann yo fè pou di Bondye mèsi a.
13 Se pou dife a toujou ap boule sou lotèl la. Pa janm
kite l' mouri. **14** Men regleman pou lè n'ap ofri grenn ki
soti nan jaden nou. Yonn nan pitit Arawon yo va prezante
grenn y'ap ofri a bay Seyè a devan lotèl la. **15** Apre sa, l'a
pran yon ponyen farin nan ofrann grenn lan tou melanje
ak lwil ansanm ak tout lansan an, l'a boule l' sou lotèl la
pou Seyè a pa janm bliye moun ki fè ofrann lan, ki vle di
se tout yo ofri bay Seyè a. Sant ofrann yo boule a va fè
Seyè a plezi. **16** Arawon ak pitit li yo va manje rès la. Y'a
fè pen san ledven avè l', y'a manje pen an yon kote apa

pou Seyè a nan lakou Tant Randevou a. 17 Se pou yo
kwit pen an san ledven. Se mwenmenm menm ki ba yo
pòsyon pa yo nan ofrann y'ap boule nèt pou mwen an. Se
yon bagay ki apa nèt pou mwen, tankou yon ofrann yo fè
pou peche yo ak ofrann yo fè pou peye pou sa yo te fè ki
mal. 18 Nenpòt gason nan branch fanmi Arawon an ka
manje l'. Sa se yon prensip k'ap la pou tout tan. Se va
pòsyon pa yo nan ofrann grenn y'ap boule pou Seyè a.
Si lòt moun manyen yon ofrann grenn yo mete apa pou
Seyè a, malè va rive l' poutèt sa. 19 Apre sa, Seyè a pale
ak Moyiz, li di l' ankò: 20 -Men ofrann Arawon ak pitit
gason l' yo va fè pou Seyè a jou y'ap mete yo apa pou
sèvis Bondye a. Jou sa a, y'a pote yon liv farin menm
kantite ak sa yo ofri chak jou a, y'a ofri mwatye ladan l'
nan maten, lòt mwatye a nan aswè. 21 Y'a melanje lwil
ladan l', y'a kwit li sou griy. Apre sa, y'a kraze l' an ti moso
tankou lè y'ap fè ofrann grenn ki soti nan jaden yo, y'a ofri
l' bay Seyè a. Sant ofrann yo boule a va moute, l'a fè
Seyè a plezi. 22 Se yon lòd ki la pou tout tan. Se pou pitit
Arawon y'a mete apa pou ranplase Arawon an toujou fè
ofrann sa a bay Seyè a. Y'a boule ofrann lan nèt, y'a ofri l'
bay Seyè a. 23 Lè yon prèt ap fè yon ofrann grenn pou tèt
pa l', se pou yo boule tout nèt nan dife. Yo pa fèt pou yo
manje anyen ladan l'. 24 Seyè a pale ak Moyiz, li di l': 25 -
Men sa w'a di Arawon ak pitit gason l' yo. Men regleman
pou yo swiv lè y'ap fè ofrann pou peche moun fè san yo
pa konnen. Y'a touye bèt y'a ofri pou kalite peche sa yo
sou bò nò lotèl la, kote yo touye bèt yo ofri pou boule
a. Sa se yon ofrann yo mete apa nèt pou Seyè a. 26
Prèt ki va touye bèt la va manje l' kote yo mete apa pou
Bondye nan lakou Tant Randevou a. 27 Nenpòt moun
osinon nenpòt bagay ki va manyen osinon ki va touche
vyann bèt yo mete apa pou Seyè a va tounen yon moun
osinon yon bagay yo mete apa pou Bondye tou. Si san
bèt la tonbe sou yon rad, w'a lave rad la yon kote ki apa
pou Seyè a. 28 Se pou yo kraze tout veso an tè ki te sèvi
pou bouyi vyann lan. Men, si se nan yon veso an kwiv yo
te bouyi l', se pou yo grate l' byen grate epi lave l' nan
gwo dlo. 29 Tout gason nan fanmi prèt yo gen dwa manje
nan vyann lan, paske se yon vyann yo mete apa nèt pou
Seyè a. 30 Men, si yo pran ti gout nan san bèt la pou yo
pote l' anndan Tant Randevou a pou yo sèvi avè l' tankou
san bèt yo ofri pou repare sa yon moun fè ki mal, yo pa
fèt pou yo manje anyen nan bèt la. Se pou yo boule l' nèt
nan dife.

7 Men regleman pou yo swiv lè moun ap fè ofrann pou
peye pou sa yo te fè ki mal. Ofrann sa yo se ofrann y'a
mete apa nèt pou Seyè a. 2 Y'a touye bèt pou ofrann sa a
sou bò nò lotèl la, kote yo touye bèt yo ofri pou boule yo.
Y'a voye san an sou kat bò lotèl la. 3 Y'a wete tout pati sa
yo: ke a, grès ki vlope tripay yo, 4 de wonyon yo ak tout
grès ki sou yo a, ansanm avèk mas grès ki sou fwa a, l'a
ofri yo sou lotèl la pou Seyè a. 5 Prèt la va boule tout pati
sa yo sou lotèl la, tankou ofrann yo boule pou Seyè a. Se
sa yo rele yon ofrann pou repare sa yo te fè ki mal. 6 Tout
gason nan fanmi prèt yo kapab manje ladan l'. Se pou yo
manje l' kote yo mete apa pou Bondye a, paske se yon
ofrann ki apa nèt pou Bondye. 7 Ofrann pou peye pou sa
yo te fè ki mal la, se menm bagay ak ofrann pou peche
yon moun fè san l' pa konnen. Se menm regleman an pou
tou de: vyann lan va rete pou prèt ki fè ofrann lan. 8 Po
bèt y'a ofri pou boule pou Bondye a va rete pou prèt ki fè
ofrann lan. 9 Tout ofrann fèt ak grenn ki soti nan jaden, kit
yo te kwit nan fou, kit yo te kwit sou platin osinon sou griy,
y'a rete pou prèt ki te ofri yo bay Bondye a. 10 Men, lè
se yon ofrann grenn ki soti nan jaden ki fèt tou kri, kit li
melanje avèk lwil, kit li chèch, se pou tout pitit Arawon yo
li ye, se pou yo separe l' bay yo tout. 11 Men regleman
pou yo swiv lè yon moun ap fè ofrann bay Bondye pou
di l' mèsi: 12 Si yon moun ap fè ofrann pou di Bondye
mèsi, l'a ofri yon bèt pou yo touye epi ansanm avè l' l'a
pote gwo pen fèt ak farin san ledven melanje ak lwil oliv,
pen plat san ledven avèk lwil oliv pase sou li, epitou gato
fèt ak flè farin melanje ak lwil oliv. 13 Konsa tou, l'a ofri
avèk bèt pou yo touye a pen kwit ak ledven. 14 L'a pran
yonn nan chak kalite pen yo, l'a ofri yo espesyalman bay
Seyè a. Pen sa yo va rete pou prèt ki va pran san bèt la
pou voye sou lotèl la. 15 Kanta vyann bèt la, se pou yo
manje tout menm jou yo te touye l' la. Yo pa fèt pou yo
kite anyen pou denmen maten. 16 Si yon moun pote yon
ofrann pou di Bondye mèsi, paske li te vle kenbe yon ve li
te fè, ou ankò paske li vle fè yon ofrann konsa, yo pa
bezwen manje tout vyann ofrann lan menm jou a. Men yo
gen dwa kite rès pou denmen. 17 Men vyann ki rete pou
twazyèm jou a, se pou yo boule yo. 18 Si yo manje anyen
nan ofrann lan sou twazyèm jou a, Bondye p'ap asepte
ofrann moun lan. Ofrann lan p'ap sèvi l' anyen. Se yon
vyann fezande, moun ki manje l' va peye pou sa l' fè a. 19
Si yon bagay ki pa bon pou fè sèvis Bondye tonbe sou
vyann lan, yo pa ka manje l' non plis. Se pou yo boule l'
nan dife. Tout moun ki nan kondisyon pou fè sèvis Bondye
a ka manje nan vyann lan. 20 Si yon moun ki pa nan
kondisyon pou fè sèvis Bondye a manje nan vyann yo ofri
bay Seyè a, se pou yo mete l' deyò nèt nan mitan pèp
Bondye a. 21 Si yon moun manje nan vyann yo ofri bay
Seyè a apre li fin manyen yon bagay ki pa nan kondisyon
pou fè sèvis Bondye, kit se yon moun, kit se yon bèt, kit
se nenpòt lòt bagay, se pou yo mete l' deyò nèt nan mitan
pèp Bondye a. 22 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' ankò: 23 -
Men sa pou di moun pèp Izrayèl yo: Piga nou janm manje
grès bèf, grès kabrit osinon grès mouton. 24 Nou pa fèt
pou nou manje grès bèt ki rete konsa li mouri mò natirèl li,
ni grès bèt yon bèt nan bwa touye, men nou gen dwa sèvi
ak grès la pou nou fè nenpòt lòt bagay nou vle. 25 Lè yon
moun manje grès yon zannimo yo te ofri pou boule pou
Seyè a, se pou yo mete l' deyò nèt nan mitan pèp Bondye
a. 26 Nenpòt ki kote nou ye, piga nou janm manje san
zwazo, ni san ankenn lòt bèt. 27 Si yon moun rive manje
san nenpòt ki bèt, se pou yo mete l' deyò nèt nan mitan
pèp Bondye a. 28 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: 29 -

Men sa w'a di moun pèp Izrayèl yo. Lè yon moun ap fè
yon ofrann pou di Bondye mèsi, se pou l' pran yon pòsyon
ladan l' ki va sèvi tankou yon ofrann espesyal pou Seyè a.
30 L'a pote l' ak men l' pou yo boule l' pou Seyè a. L'a
pote grès bèt la ansanm ak tout pwatrin lan pou yo ka
balanse yo tankou yon ofrann devan Seyè a. **31** Prèt la va
boule grès la sou lotèl la. Men pwatrin lan va rete pou
Arawon ak pitit li yo. **32** N'a pran jigo dwat bèt li te ofri
pou di Bondye mèsi a, n'a bay prèt la li pou li prezante l'
tankou yon ofrann devan Seyè a. **33** Konsa, prèt ki ofri
san an ak grès bèt yo te touye pou di Bondye mèsi a va
resevwa jigo dwat la pou tèt pa l'. **34** Pwatrin bèt la, se
yon ofrann espesyal y'a annik balanse devan Seyè a. Jigo
dwat la, se yon ofrann y'a annik prezante devan Seyè a.
Se Seyè a menm ki wete moso sa yo nan ofrann pèp la
va fè a pou li bay prèt yo. Sa se bagay moun Izrayèl yo
dwe toujou bay prèt yo. Se va yon regleman pou tout tan
tout tan. **35** Se pòsyon sa yo pou yo pran nan ofrann yo
fè pou boule pou Seyè a pou yo te bay Arawon ak pitit li
yo, depi jou yo te mete yo apa pou sèvi prèt pou Seyè a.
36 Jou sa a, se Seyè a menm ki te bay pèp Izrayèl la lòd
pou yo bay prèt yo pòsyon sa yo nan ofrann lan. Sa se
yon regleman pou pèp Izrayèl la toujou swiv de pitit an
pitit. **37** Men regleman pou yo swiv lè y'ap fè ofrann pou
yo boule pou Seyè a, lè y'ap fè ofrann grenn ki soti nan
jaden yo, lè y'ap fè ofrann pou peche moun fè san yo
pa konnen, ofrann pou peye pou sa yo fè ki mal, ofrann
pou lè y'ap mete prèt yo apa pou Bondye, ofrann pou
di Bondye mèsi. **38** Se Seyè a menm ki te bay Moyiz
regleman sa yo, sou mòn Sinayi nan mitan dezè a, jou li
te mande moun pèp Izrayèl yo pou yo fè ofrann ba li.

8 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **2** -Pran Arawon ak
pitit gason l' yo ansanm avè ou. W'a pote rad seremoni
yo, lwil pou mete moun osinon bèt apa pou Bondye a,
towo yo ofri pou peye pou sa moun fè ki mal la, de belye
mouton yo ak panyen pen san ledven yo tou. **3** Apre
sa, w'a rele tout pèp la pou yo sanble devan pòt kay
Randevou a. **4** Moyiz fè sa Seyè a te ba li lòd fè a, epi
tout pèp la sanble devan pòt kay Randevou a **5** Moyiz di
moun yo: -Men sa Seyè a te ban mwen lòd fè a. **6** Lè sa
a Moyiz fè Arawon ak pitit gason l' yo pwoche, li benyen
yo nan dlo. **7** Lèfini, li mete chemiz la ak gwo rad la sou
Arawon, li mare sentiwon an nan ren li. Apre sa, li mete
jile a sou li, li mare bèl sentiwon jile a nan ren l'. **8** Epi li
mete plastwon an sou li, li mete ourim ak tourim yo nan
pòch plastwon an. **9** Li mare tèt Arawon ak gwo mouchwa
tèt la, epi li pran plak lò ki te gen pawòl sa yo grave sou li:
Apa pou Bondye, li mare l' sou devan mouchwa a dapre
lòd Seyè a te ba li. **10** Apre sa, Moyiz pran lwil pou mete
moun apa pou Bondye a, li voye l' sou kay Bondye a ak
sou tout bagay ki ladan l'. Se konsa, li te mete yo apa pou
sèvis Seyè a. **11** Li voye lwil la sèt fwa sou lotèl la ak
sou tout bagay ki sèvi sou lotèl la, sou kivèt la ak tout
pye li. Se konsa li mete yo apa pou sèvis Bondye. **12**
Lèfini ankò, li pran lwil pou mete moun apa pou Bondye
a, li vide l' sou tèt Arawon. Se konsa li mete l' apa pou
Bondye. **13** Moyiz fè pitit gason Arawon yo pwoche, li
mete rad yo sou yo, li pase sentiwon nan ren yo, li mare
mouchwa tèt sou tèt yo, dapre lòd Seyè a te ba li. **14**
Apre sa, Moyiz fè mennen ti towo yo ofri pou peye pou sa
moun fè ki mal la. Arawon ak pitit gason l' yo mete men
yo sou tèt li. **15** Lèfini, Moyiz touye towo a, li tranpe dwèt
li nan san towo a, li mete ti degout san sou kat kòn lotèl
la. Apre sa, li fè ofrann pou peye pou tou sa moun te fè ki
mal sou lotèl la, li vide tout rès san an atè nan pye lotèl la.
Se konsa li mete l' apa pou Bondye, li mande Bondye
gras pou li. **16** Apre sa, Moyiz pran grès ki vlope tripay yo,
mas grès ki sou fwa a, ansanm ak de wonyon yo ak tout
grès yo, li boule yo nèt sou lotèl la. **17** Men, li pran tout
vyann ti towo a, po a ak tout tripay la, li boule yo an deyò
limit kote yo rete a, dapre lòd Seyè a te ba li. **18** Apre sa,
Moyiz fè mennen belye mouton ki pou boule nèt pou Seyè
a. Arawon ak pitit gason l' yo mete men yo sou tèt li. **19**
Moyiz touye l', li pran san an, li vide l' tout arebò lotèl la.
20 Li dekoupe belye a an divès moso. Apre sa, li boule tèt
la, moso vyann yo ak tout moso grès yo nèt sou lotèl la.
21 Moyiz lave tripay yo ak pye yo nan dlo. Apre sa li boule
tout towo a nèt sou lotèl la. Se te yon bèt li ofri pou boule
nèt nan dife pou Seyè a, yon ofrann bèt k'ap fè Seyè a
plezi ak bon sant li, dapre lòd Seyè a te ba li. **22** Apre sa,
Moyiz fè mennen lòt belye mouton an, belye ki pou sèvi
nan seremoni pou mete prèt yo apa pou Seyè a. Arawon
ak pitit gason l' yo mete men yo sou tèt li. **23** Moyiz touye
l', li pran ti gout nan san belye a, li mete l' sou tete zòrèy
dwat Arawon, sou pous men dwat li ak sou gwo zòtèy
pye dwat li. **24** Apre sa, Moyiz fè pitit gason Arawon yo
pwoche, li mete ti gout san sou tete zòrèy dwat yo, sou
gwo pous men dwat yo ak sou gwo zòtèy pye dwat yo.
Lèfini, Moyiz pran rès san an, li vide l' tout arebò lotèl la.
25 Apre sa, li pran tout moso grès yo, ke a, tout grès ki
vlope tripay yo, moso grès ki sou fwa a, de wonyon yo ak
tout grès yo, ansanm ak jigo dwat la. **26** Nan panyen pen
san ledven ki devan Seyè a, li pran yon pen antye, yon
gato fèt ak lwil, ak yon pen rale. Li mete yo sou moso
grès yo ak sou jigo dwat la. **27** Apre sa, li mete tout bagay
sa yo nan men Arawon ak nan men pitit gason l' yo, li
balanse yo devan Seyè a tankou yon ofrann. **28** Apre sa,
Moyiz pran ofrann yo nan men yo, li boule yo sou lotèl la
anwo ofrann ki t'ap boule deja a. Se te yon ofrann pou
bay prèt yo pouvwa pou yo sèvi Bondye, yon ofrann bèt
k'ap boule nèt nan dife pou Seyè a, yon ofrann bèt k'ap fè
Seyè a plezi ak bon sant li. **29** Moyiz pran moso pwatrin
lan, li balanse l' devan Seyè a tankou yon ofrann. Nan
belye ki te sèvi nan seremoni pou mete prèt yo apa a, se
pòsyon sa a ki te pou Moyiz, dapre lòd Seyè a te bay
Moyiz la. **30** Lè sa a, Moyiz pran ti gout nan lwil pou mete
moun apa pou sèvis Bondye a, li melanje l' ak san ki te
sou lotèl la, li voye l' sou Arawon ak sou tout rad li yo, sou
pitit gason Arawon yo ak sou tout rad yo. **31** Moyiz pale

ak Arawon ansanm ak pitit gason l' yo, li di yo: -N'a fè
kwit vyann belye a devan pòt Tant Randevou a. Se la n'a
manje l' tou ansanm ak pen ki nan panyen ofrann yo fè lè
nou t'ap resevwa pouvwa pou fè sèvis pou Bondye a,
dapre lòd mwen te resevwa lè li te di m': Arawon ak pitit
gason l' yo va manje vyann belye a. 32 Si gen rès nan
vyann lan ak nan pen an ki rete apre yo fin manje, n'a
boule l' nan dife. 33 Pandan sèt jou, nou p'ap soti devan
pòt Tant Randevou a, jouk lè y'a fini ak seremoni pou
mete nou apa pou sèvis Bondye a, paske y'ap pran sèt
jou pou fè seremoni pou ban nou pouvwa pou fè sèvis
pou Bondye. 34 Sa nou wè nou fè jòdi a, se Seyè a menm
ki te bay lòd pou nou te fè l' pou peye pou tou sa nou te fè
ki mal. 35 Pandan sèt jou, lajounen kou lannwit, n'a rete
la devan pòt Tant Randevou a, epi n'a fè tou sa Seyè a te
ban nou lòd fè a. Si se pa sa, n'a mouri. Wi, men lòd Seyè
a te ban mwen an. 36 Se konsa, Arawon ak pitit gason l'
yo te fè tou sa Moyiz te di yo Seyè a te ba yo lòd fè a.

9 Sou wityèm jou a apre yo fini avèk sèvis pou mete yo
apa pou Bondye a, Moyiz rele Arawon ak pitit gason l'
yo ansanm ak tout chèf fanmi pèp Izrayèl la. 2 Epi li di
Arawon konsa: -Pran yon jenn ti towo san ankenn enfimite
ki pou sèvi ofrann pou peye pou sa nou fè ki mal, ak yon
belye mouton san ankenn enfimite ki pou sèvi ofrann pou
nou boule nèt pou Seyè a. Ofri yo bay Seyè a. 3 Apre sa,
w'a mande moun pèp Izrayèl yo pou yo pran yon bouk
san ankenn enfimite ki pou sèvi ofrann pou yo boule nèt
pou Seyè a, yon ti towo san ankenn enfimite ki gen ennan
ak yon ti mouton san ankenn enfimite ki gen ennan ki pou
sèvi ofrann pou peye pou sa pèp la fè ki mal. 4 Lèfini,
y'a pran yon towo ak yon belye pou sèvi ofrann pou di
Bondye mèsi. Y'a ofri yo tout bay Seyè a ansanm ak
ofrann grenn ki sot nan jaden yo melanje ak lwil. Y'a fè
sa paske Seyè a pral parèt devan yo jòdi a. 5 Se konsa
yo pran tou sa Moyiz te ba yo lòd pran an. Yo mennen
yo devan pòt Tant Randevou a. Apre sa, tout pèp la nèt
sanble menm kote a, yo rete kanpe devan Seyè a. 6 Lè
sa a Moyiz di yo: -Seyè a te bay lòd pou nou te fè tou sa
pou li ka fè nou wè pouvwa li. 7 Apre sa, Moyiz di Arawon
konsa: -Pwoche bò lotèl la, fè yon ofrann pou peye pou
tou sa ou fè ki mal, ak yon ofrann pou ou boule nèt pou
Seyè a. Apre sa w'a fè menm bagay pou pèp la. Wi, mete
ofrann pèp la devan Bondye, mande Bondye pou l' fè
yo gras, jan Seyè a te bay lòd la. 8 Se konsa Arawon
pwoche bò lotèl la, li touye ti towo bèf li te bay pou ofrann
pou peye pou sa li te fè ki mal. 9 Pitit li yo pote san an ba
li, li tranpe dwèt li nan san an, epi li mete ti gout san sou
kat kòn lotèl la. Apre sa, li vide rès la nan pye lotèl la. 10
Lè l' fini, li pran grès la, wonyon yo, mas grès ki te sou fwa
a, li mete yo boule sou lotèl la jan Seyè a te bay Moyiz lòd
la. 11 Pou vyann lan ak po a, li boule yo nan dife andeyò
lòt bò limit kote yo rete a. 12 Apre sa, Arawon touye bèt li
te ofri pou boule nèt pou Seyè a. Pitit li yo pote san an ba
li, li vide l' sou lotèl la ak tout arebò lotèl la. 13 Yo pote ba
li tou tèt la ansanm ak rès vyann lan dekoupe, epi li mete
yo boule sou lotèl la. 14 Li lave tripay yo ansanm ak pye
yo. Lèfini li mete yo boule sou lotèl la anwo vyann yo t'ap
boule pou Seyè a. 15 Apre sa, Arawon mete ofrann pèp
la devan Seyè a: li pran bouk pèp la te ofri pou peye pou
sa yo fè ki mal la, li touye l' epi li ofri l' bay Seyè a pou
peche pèp la, jan l' te fè l' pou pa l' la. 16 Apre sa, li fè
ofrann pou yo boule nèt pou Seyè a, dapre regleman yo.
17 Li mete ofrann grenn jaden yo devan Seyè a. Li pran
yon ponyen farin, li boule l' sou lotèl la, anplis ofrann ki
t'ap boule depi maten an. 18 Li touye towo a ak belye
a, li ofri yo tankou ofrann pèp la fè pou di Bondye mèsi.
Pitit li yo pote san an ba li, li vide san an sou lotèl la ak
tout arebò lotèl la. 19 Apre sa, Arawon pran tout moso
grès towo a ak moso grès belye a, ke yo, grès ki vlope
zantray yo, mas fwa yo, grès ki kouvri wonyon yo. 20 Li
mete yo yonn sou lòt sou de moso pwatrin yo, epi li pote
tout grès yo, li mete yo boule nèt sou lotèl la. 21 Men, li
pran moso pwatrin yo ak jigo dwat yo, li balanse yo devan
Seyè a tankou yon ofrann, jan Moyiz te ba li lòd fè a. 22
Lè Arawon fin fè tout ofrann pou peye pou sa yo te fè
ki mal, ofrann pou yo boule nèt pou Bondye ak ofrann
pou di Bondye mèsi, li leve men l' anwo pèp la, li beni yo
epi li desann. 23 Moyiz ak Arawon antre anndan Tant
Randevou a. Lè yo soti, yo beni pèp la ankò. Se lè sa a
pouvwa Seyè a parèt devan je pèp la. 24 Yon dife rete
konsa, li soti nan syèl la, li boule tout vyann ak tout grès ki
te sou lotèl la. Lè pèp la wè sa, yo tout pran rele sitèlman
yo te kontan epi yo tonbe fas atè devan Bondye.

10 Yon jou, de nan pitit Arawon yo, Nadab ak Abiyou,
leve, yo pran ti recho yo, yo mete chabon dife tou
limen ladan yo, yo mete lansan nan dife a, epi y' al ofri
l' bay Seyè a. Men, dife a pa t' bon paske se pa t' yon
dife Seyè a te bay lòd fè. 2 Seyè a voye yon dife sou
yo, dife a boule yo, epi yo mouri la devan Seyè a. 3 Lè
sa a, Moyiz di Arawon: -Men sa Seyè a t'ap di nou an
wi lè l' te di: Moun k'ap sèvi m' fèt pou respekte m'. M'a
fè pèp la konnen pouvwa mwen! Arawon pa di anyen.
4 Moyiz rele Mikayèl ak Elzafan, de pitit gason Ouzyèl,
tonton Arawon, li di yo: -Vini non! Wete kadav kouzen nou
yo devan tant Seyè a, pote yo deyò lòt bò limit kan an. 5
Se konsa yo vini, yo pran kò yo ak tout rad ki te sou yo,
yo pote yo lòt bò limit kan an, jan Moyiz te di a. 6 Apre
sa, Moyiz pale ak Arawon ansanm ak de lòt pitit gason
l' yo, Eleaza ak Itama, li di yo: -Pa rete san penyen tèt
nou, pa chire rad sou nou jan moun yo fè l' la lè yo nan
lapenn pou ka lanmò. Si nou fè sa n'a mouri, Seyè a va
fache sou tout pèp la. Men, frè nou yo ansanm ak tout lòt
moun peyi Izrayèl yo gen dwa pran lapenn pou moun
sa yo ki boule nan dife Seyè a te voye sou yo a. 7 Nou
menm, rete nan tant Randevou a. Pa mete pwent pye nou
deyò. Si nou fè sa n'a mouri, paske avèk lwil yo te vide
sou tèt nou an, yo mete nou apa pou Seyè a. Yo fè jan
Moyiz te di a. 8 Seyè a pale ak Arawon, li di l' konsa: 9
-Ni ou menm, ni pitit gason ou yo, nou pa fèt pou nou

bwè diven ni ankenn gwòg lè se jou nou gen pou nou
antre nan Tant Randevou a. Si nou fè sa n'a mouri. Sa
se yon regleman pou nou swiv tout tan, nou menm, pitit
nou yo ak pitit pitit nou yo. 10 Se pou nou konnen sa ki
apa pou sèvis Bondye ak sa ki pou sèvis òdinè, sa ki
pa ka sèvi pou sèvis Bondye ak sa ki ka sèvi pou sèvis
Bondye. 11 Lèfini, se devwa nou pou nou moutre pèp
Izrayèl la tout regleman mwen menm Seyè a, mwen te
bay Moyiz pou nou. 12 Moyiz pale ak Arawon ansanm
ak de lòt pitit gason ki te rete l' yo, Eleaza ak Itama, li
di yo: -N'a pran farin ki rete nan ofrann grenn yo boule
pou Seyè a, n'a fè pen san ledven avè l', n'a manje yo
bò lotèl la, paske ofrann lan, se yon ofrann ki apa nèt
pou Seyè a. 13 N'a manje l' yon kote ki apa pou Seyè
a. Wi, se pòsyon sa a ki pou ou ansanm ak pitit ou yo
nan ofrann yo fè pou boule pou Seyè a. Se sa Seyè a te
ban m' lòd fè. 14 Konsa tou, nou menm ak tout fanmi
nou, fi kou gason, nou gen dwa manje pwatrin yo balanse
devan Seyè a ak jigo yo te ofri bay Seyè a pou prèt yo.
N'a manje yo yon kote yo mete apa pou sèvis Seyè a.
Paske, pòsyon sa yo se pou nou yo ye, pou nou ansanm
ak pitit nou yo. Se nan ofrann moun Izrayèl yo fè pou
di Bondye mèsi yo soti. 15 Wi, y'a pote jigo ak pwatrin
y'ap ofri pou boule ansanm ak pòsyon grès y'ap ofri pou
boule nan dife pou Seyè a. Y'a balanse yo devan Bondye.
Pòsyon sa yo va toujou rete pou ou ansanm ak pou pitit
ou yo, jan Seyè a te bay lòd la. 16 Lè sa a, Moyiz mande
sa yo te fè ak kabrit ki sèvi ofrann pou peye pou sa moun
te fè ki mal la. Yo di l' yo te gen tan boule l'. Moyiz fè yon
sèl move sou Eleaza ak Itama, de gason Arawon ki te
rete yo, li di yo konsa: 17 -Poukisa nou pa t' manje ofrann
yo te fè pou peche a nan kote yo mete apa pou sèvis
Bondye a? Nou konnen ofrann lan se yon bagay ki apa
nèt pou Seyè a. Seyè a ban nou l' pou nou manje, pou
li ka wete peche pèp la, pou peye pou peche yo fè. 18
Tande byen. Nou wè yo pa t' pote san an anndan kay
Bondye a. Se pou nou te manje vyann lan nan kay ki apa
pou Bondye a, jan Bondye te ban mwen lòd fè l' la. 19
Arawon reponn Moyiz: -Ou wè sa ki rive m' jòdi a? Atout
pèp la te fè ofrann pou wete peche li yo ak ofrann pou
boule pou Seyè a, mwen t'ap mande m' si m' te manje
ofrann peche yo a jòdi a, ou kwè sa ta fè Seyè a plezi?
20 Lè Moyiz tande sa, sa te fè kè l' kontan.

11 Seyè a pale ak Moyiz ansanm ak Arawon, li di yo
konsa: 2 -Men sa pou nou di moun pèp Izrayèl yo.
3 Nan tout bèt ki sou latè, men bèt nou ka touye pou nou
manje. Nou ka manje tout bèt ki gen zago yo fann an de
depi yo remoute manje tou. 4 Men, gen bèt ki remoute
manje epi ki pa gen zago yo fann. Bèt konsa nou pa gen
dwa manje yo. Sa pa bon pou nou! Nou gen chamo ki
remoute manje men ki pa gen zago yo fann. Vyann li pa
bon pou nou manje. 5 Nou gen daman ki remoute manje
men ki pa gen zago yo fann. 6 Nou gen ankò lapen ki
remoute manje men ki pa gen zago fann an de. Vyann li
pa bon pou nou manje. 7 Nou gen ankò kochon. Li menm
li gen zago fann an de, men li pa remoute manje. Vyann li
tou pa bon pou nou manje. 8 Piga nou janm manje vyann
bèt sa yo. Piga nou manyen kadav yo. Yo pa bon pou
nou menm k'ap sèvi Bondye. 9 Nan bèt k'ap viv nan dlo
men sa nou ka manje. Nou ka manje tout bèt nan lanmè
ak nan dlo dous ki gen zèl ak kal sou kò yo. 10 Men,
tout bèt k'ap viv nan lanmè osinon nan dlo dous men ki
pa gen ni zèl ni kal sou kò yo, sa pa bon pou manje yo.
11 Gade yo pou move vyann. Pa manje vyann yo, pa
manyen kadav yo. 12 Tout bèt k'ap viv nan dlo men ki
pa gen zèl ak kal sou kò yo, nou pa fèt pou nou manje
yo. 13 Nan tout zwazo men sa nou pa gen dwa manje
paske yo pa bon pou nou menm k'ap sèvi Bondye. 14
Malfini karanklou ak lòt bèt menm fanmi ak yo ki manje
kadav, 15 tout kalite kònèy, 16 otrich, janmichèt, poul
dlo, grigri, ak lòt bèt menm fanmi ak yo ki manje vyann
vivan, 17 koukou, plonjon, frize, 18 gwo kanna mawon
blan, grangozye, chwèt, 19 sigòy, krabye ak tout lòt bèt
menm fanmi ak yo, chòchòt, sèpantye. 20 Tout ti bètazèl
ki mache sou kat pye pa bon pou nou manje. 21 Men, nou
ka manje tout ti bètazèl ki mache sou kat pye, depi yo gen
de gwo pye ki penmèt yo sote, 22 tankou krikèt kay, krikèt
bwa, chwal bondye ak lòt kalite krikèt. 23 Men, tout lòt ti
bètazèl ki gen kat pye pa bon pou nou manje. 24 Depi
yon moun manyen kadav yonn nan bèt sa yo, li pa nan
kondisyon pou l' fè sèvis pou Bondye jouk aswè. 25 Tout
moun ki pote menm yon moso nan kadav yo gen pou lave
tout rad sou li, epi li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis
pou Bondye jouk aswè. 26 Tout bèt ki pa gen zago yo
fann an de osinon ki pa remoute manje pa bon pou nou
manje. Tout moun ki manyen ata kadav bèt sa yo pa nan
kondisyon pou l' fè sèvis pou Bondye. 27 Konsa tou, tout
bèt ki mache sou kat pa t' men ki pa gen zago, yo pa bon
pou nou manje. Depi yon moun manyen kadav yonn nan
bèt sa yo, li pa nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye
jouk aswè. 28 Tout moun ki pote kadav bèt yo al jete gen
pou lave tout rad sou li, epi li p'ap nan kondisyon pou l' fè
sèvis pou Bondye jouk aswè. Wi, tout bèt sa yo pa bon
pou nou manje. 29 Pami tout bèt toupatou sou latè ki
mache sou vant, men sa ki pa bon pou nou manje: tout
kalite zagoudi, sourit ak leza, 30 zandolit, soud, mabouya,
gongolo, aganman. 31 Wi, tout bèt sa yo pa bon pou nou
manje. Si yon moun annik manyen kadav yonn nan bèt sa
yo, l'a nan kondisyon pou l' pa fè sèvis pou Bondye jouk
aswè. 32 Si kadav bèt sa yo tonbe sou nenpòt ki bagay,
kit an bwa, kit an twal, kit an po, kit an twal sak, osinon
sou nenpòt ki zouti nou sèvi pou nou travay, bagay sa a
osinon zouti sa a pa bon pou nou sèvi. Se pou nou mete l'
tranpe nan dlo, li p'ap bon pou nou sèvi avè l' jouk aswè
rive. Apre sa, nou ka sèvi avè l' san danje. 33 Si kadav
yonn nan bèt sa yo tonbe nan yon veso fèt an tè, tou sa ki
nan veso a pa bon pou nou sèvi ankò, epitou se pou nou
kraze veso sa a. 34 Si ti gout nan dlo ki soti nan veso sa
a ta rive tonbe sou nenpòt manje nou gen dwa manje,
manje a pa bon ankò pou nou manje. Konsa tou, tout

bwason nou gen dwa bwè, si yo ta rive vide l' nan yon
veso konsa, li pa bon ankò pou nou bwè. **35** Si kadav
yonn nan bèt sa yo tonbe sou nenpòt bagay, bagay sa a
pa bon pou sèvi ankò. Si se yon fou osinon yon recho,
se pou yo kraze yo an miyèt moso. Yo pa bon, nou pa
fèt pou sèvi ak yo ankò menm. **36** Men, si yo tonbe nan
yon sous osinon nan yon sitèn pou ranmase dlo, sous
la osinon sitèn lan ap toujou bon pou sèvis nou. Men,
moun ki manyen kadav la pou wete l' nan dlo a p'ap nan
kondisyon pou fè sèvis Bondye. **37** Si kadav yonn nan
bèt sa yo tonbe sou grenn nou pral plante, grenn yo bon
toujou pou plante. **38** Men, si grenn lan te tranpe nan
dlo epi kadav yonn nan bèt sa yo tonbe sou li, grenn lan
pa bon ankò pou plante. **39** Lè yon bèt nou ka manje
rete konsa li mouri, tout moun ki manyen kadav li p'ap
kapab fè sèvis pou Bondye jouk aswè. **40** Moun ki manje
nenpòt moso nan vyann bèt mouri a gen pou l' lave rad
sou li epi li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye
jouk aswè. Moun ki pote kadav la al jete gen pou l' lave
rad sou li, epi li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis pou
Bondye jouk aswè. **41** Tout ti bèt k'ap trennen sou vant pa
bon pou moun k'ap sèvi Bondye. Nou pa fèt pou manje
yo. **42** Depi se ti bèt k'ap trennen sou vant ou ankò ti bèt
kat pye, ou ankò ti bèt ki gen anpil pye, yo yonn pa bon
menm pou moun k'ap sèvi Bondye: nou pa fèt pou nou
manje yo. **43** Pa manje ankenn nan ti bèt k'ap trennen
sou vant yo pou yo pa mete nou nan kondisyon pou nou
pa kapab fè sèvis pou mwen. **44** Se mwen menm Seyè a
ki Bondye nou. Se pou nou kenbe kò nou yon jan pou nou
viv apa pou mwen, paske mwen menm se yon Bondye
apa mwen ye. Pa kite ankenn ti bèt k'ap trennen sou vant
mete nou nan kondisyon pou nou pa ka sèvi m'. **45** Se
mwen menm, Seyè a, se mwen menm ki te mennen nou
soti kite peyi Lejip pou m' te ka Bondye nou. Wi, se pou
nou viv apa pou mwen, paske mwen se yon Bondye apa.
46 Men regleman ki gen rapò ak bèt, zwazo ak tout lòt bèt
k'ap viv nan dlo, osinon k'ap trennen sou vant. **47** Se pou
nou toujou rekonèt bèt ki ka mete nou nan kondisyon pou
nou pa ka sèvi Bondye ak bèt ki p'ap fè l', bèt ki bon pou
nou manje ak bèt ki pa bon pou nou manje.

12 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **2** -Men sa pou
ou di pep Izrayèl la pou mwen. Lè yon fanm vin
ansent, epi li fè yon pitit gason, li p'ap nan kondisyon pou
l' fè sèvis pou mwen pandan sèt jou apre jou akouchman
an, menm jan li pa ka fè sèvis pou mwen lè li gen règ li. **3**
Sou wityèm jou a, y'a sikonsi pitit la. **4** Men, madanm lan
va rete ankò tranntwa jou. Se apre sa l'a fè sèvis pou
san li pèdi a. Li p'ap gen dwa manyen ankenn bagay yo
mete apa pou Bondye, ni li p'ap gen dwa antre nan tant ki
apa pou Bondye a, toutotan li poko fè sèvis pou mete
l' ankò nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye a. **5** Si
se yon tifi li fè, li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis pou
mwen pandan de senmenn apre akouchman an, menm
jan li pa ka fè sèvis pou mwen lè li gen règ li. Apre sa
se pou l' pase swasannsis jou anvan li fè sèvis pou san
li pèdi a. **6** Lè li fin pase kantite jou pou l' pase a, kit
se pou yon pitit gason, kit se pou yon pitit fi, fanm lan
va pran yon ti mouton ki poko gen ennan ak yon jenn ti
pijon osinon yon toutrèl, l'a pote yo bay prèt la devan pòt
Tant Randevou a. Ti mouton an va sèvi ofrann yo boule
nèt pou Bondye a. Ti pijon an osinon ti toutrèl la va sèvi
ofrann pou mande Bondye padon pou sa l' te fè ki mal.
7 Prèt la va ofri yo bay Seyè a pou mande padon pou
fanm lan. Se konsa fanm lan va fè sèvis pou san li pèdi a.
Wi, se sa pou yon fanm fè apre li fin akouche, kit se yon
gason, kit se yon fi li fè. **8** Si fanm lan pa gen mwayen
pou l' pote yon ti mouton, lè sa a l'a pote de pijon osinon
de toutrèl, yonn pou yo boule nèt pou Bondye, lòt la pou
yo ofri pou mande padon. Prèt la va ofri yo bay Seyè a
pou l' mande padon pou li. Se konsa fanm lan va fè sèvis
pou l' ka nan kondisyon sèvi Bondye ankò.

13 Seyè a pale ak Moyiz ansanm ak Arawon, li di yo
konsa: **2** -Si yon moun wè yon kote sou po kò l'
anfle, ou ankò si li wè yon bouton osinon yon tach parèt
sou po l' ki ta vle sanble konmansman yon move maladi
po ki ka kontaminen lòt moun, y'a mennen l' bay Arawon,
prèt la, ou ankò bay yonn nan pitit li yo ki prèt tou. **3** Prèt
la va egzaminen kote ki malad la. Si pwal yo vin tou blan,
epi si maladi a fouye po a ti kras, l'a konnen se yon move
maladi po ki ka kontaminen lòt moun. Lè prèt la va wè sa,
l'a fè konnen moun lan pa nan kondisyon pou l' fè sèvis
Bondye. **4** Men, si kote po a anfle a vin tou blan san li pa
fouye, si pwal yo pa vin blan, prèt la va fèmen moun lan
yon kote pou kont li pandan sèt jou. **5** Sou setyèm jou
a, prèt la va egzaminen l' ankò. Si li wè bouton an rete
menm jan an, li pa laji sou po a, prèt la va fèmen moun
lan pou kont li pou sèt jou ankò. **6** Apre sa, prèt la va
egzaminen l' ankò. Si bouton an cheche, si li pa laji kò l'
sou po a, prèt la va fè konnen moun lan nan kondisyon
pou l' fè sèvis Bondye. Se yon bouton ase li te genyen. Lè
sa a, moun lan va lave rad li, epi l'ap nan kondisyon pou l'
fè sèvis pou Bondye. **7** Men si bouton an vin pi laj sou
po a, apre prèt la te fin di moun lan bon lè li te wè l' la,
se pou moun lan parèt devan prèt la ankò. **8** Prèt la va
egzaminen l' ankò. Si li wè bouton an vin pi laj sou po a,
prèt la va fè konnen moun lan pa nan kondisyon pou fè
sèvis Bondye. Se yon move maladi po li genyen! **9** Lè
yon moun va gen yon move maladi po sou li, y'a mennen
l' bay prèt la. **10** Prèt la va egzaminen l'. Si li wè yon
bouton blan sou po a ki fè pwal yo vin blan tou, si bouton
an plen postim, **11** se va yon move maladi po ki chita
sou li. Prèt la va fè konnen nonm lan pa nan kondisyon
pou fè sèvis pou Bondye. Li p'ap bezwen fèmen l' yon
kote pou kont li, paske se bagay ki klè, nonm lan pa nan
kondisyon pou fè sèvis pou Bondye. **12** Men, si maladi a
gaye sou tout kò l', si li kouvri ak bouton depi nan tèt jouk
nan pye, kifè kote prèt la voye je l' li wè se bouton, **13**
prèt la va egzaminen l' ankò. Si maladi a kouvri tout kò l',
prèt la va di moun lan toujou nan kondisyon pou fè sèvis

Bondye. Depi tout kò l' vin tou blan, li nan kondisyon pou
fè sèvis Bondye. 14 Men, jou yon bouton pete, li p'ap nan
kondisyon pou fè sèvis Bondye. 15 Prèt la va egzaminen
l' ankò. Si li wè yon bouton pete, l'a fè konnen nonm lan
pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Depi bouton an
pete se yon move maladi po li genyen, nonm lan pa nan
kondisyon pou fè sèvis Bondye. 16 Men, lè bouton an va
konmanse geri, po a konmanse vin blan ankò, moun lan
va tounen al jwenn prèt la. 17 Prèt la va egzaminen l'
ankò. Si li wè bouton an vin tou blan, prèt la va fè konnen
nonm lan nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. 18 Si yon
moun gen yon apse ki geri, 19 men kote apse a te ye
a vin anfle, ou ankò yon ti bouton wouj anba po a vin
parèt, se pou l' al wè prèt la. 20 Prèt la va egzaminen l'.
Si bouton an gen lè yon ti jan pi fon pase rès po a, epi
si pwal ki ladan l' yo vin tou blan, prèt la va fè konnen
moun lan pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Se yon
move maladi po k'ap parèt sou mak apse a. 21 Men, lè
prèt la egzaminen l', si li wè pwal ki ladan l' yo pa blan, si
bouton an pa pi fon pase rès po a, si li konmanse chanje
koulè, prèt la va fèmen moun lan yon kote pou kont li pou
sèt jou. 22 Si bouton an gaye sou tout kò l', prèt la va fè
konnen moun lan pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
Se yon move maladi po li genyen. 23 Men, si bouton an
rete jan l' te ye a, y'a konnen se mak apse a ase li ye.
Prèt la va fè konnen moun lan pa gen anyen, li toujou nan
kondisyon pou fè sèvis Bondye. 24 Ou ankò, lè yon moun
boule nan dife, si lè li konmanse geri, po a vin yon ti jan
wouj e blan, 25 prèt la va egzaminen l'. Si li wè pwal yo
vin blan, epi si tach la gen lè pi fon pase rès po a, y'a
konnen se yon move maladi po k'ap devlope sou boule a.
Prèt la va fè konnen moun lan pa nan kondisyon pou fè
sèvis Bondye. Se yon move maladi po li genyen. 26 Men,
si lè prèt la egzaminen l' li pa jwenn pwal blan ladan l', epi
tach la pa pi fon pase rès po a, men li ta vle chanje koulè,
prèt la va fèmen l' yon kote pou kont li pou sèt jou. 27 Sou
setyèm jou a, prèt la va egzaminen l' ankò. Si li wè tach la
ap gaye, l'a konnen se yon move maladi po li genyen. Lè
sa a, prèt la va fè konnen moun lan pa nan kondisyon pou
l' fè sèvis Bondye. 28 Men, si tach la rete jan l' te ye a, si li
pa gaye sou po a, si se koulè a ase ki chanje, l'a konnen
se mak boule a ase li ye. Prèt la va fè konnen moun
lan toujou nan kondisyon pou fè sèvis Bondye, paske se
boule a k'ap geri. 29 Lè yon gason osinon yon fanm gen
yon kote nan cheve l' osinon nan bab li ki fè yon plak,
30 prèt la va egzaminen plak la. Si li gen lè pi fon pase
rès po a, si li gen cheve yon ti jan jòn, fin fen ladan l', l'a
konnen se pyas moun lan genyen. Se yon move maladi
po ki parèt nan cheve l' osinon nan bab li. Prèt la va fè
konnen moun lan pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
31 Men, lè prèt la egzaminen plak pyas la, si li wè gen lè li
pa pi fon pase rès po a, epi cheve ki ladan l' yo yon ti
jan jòn, prèt la va fèmen moun lan yon kote pou kont li
pou sèt jou. 32 Sou setyèm jou a, prèt la va egzaminen
malenng lan ankò. Si pyas la gaye, si cheve ki ladan l' yo
pa vin jòn, si li gen lè pa pi fon pase rès po a, 33 moun
lan va koupe tout cheve nan tèt li san l' pa manyen pyas
la. Apre sa, prèt la va fèmen l' yon kote pou kont li pou sèt
jou ankò. 34 Sou setyèm jou a, prèt la va egzaminen l'
ankò. Si pyas la pa laji sou po a, si li pa fouye po a, prèt
la va fè konnen moun lan nan kondisyon pou fè sèvis
Bondye. Moun lan menm va lave rad sou li, epi l'a nan
kondisyon pou fè sèvis Bondye ankò. 35 Men, si apre prèt
la te fin di moun lan nan bon kondisyon an, pyas la gaye
tout bon vre sou po a, 36 prèt la va egzaminen l' ankò. Si
pyas la gaye vre sou po a, li pa bezwen chache wè si li
gen cheve jòn ankò. L'a tou konnen moun lan pa nan
kondisyon pou fè sèvis Bondye. 37 Men si li wè pyas la
rete jan l' te ye a, epi cheve nwa ap pouse sou li, l'a tou
konnen pyas la geri, epi prèt la va fè konnen moun lan
nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. 38 Lè yon gason
osinon yon fanm gen ti tach blan ki parèt sou po l', 39 prèt
la va egzaminen l'. Si tach yo yon ti koulè blan sal, l'a
konnen se yon ti gratèl ki parèt sou po a, moun lan toujou
nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. 40 Lè yon nonm
pèdi tout cheve nan tèt li, li chòv. Sa pa vle di li pa nan
kondisyon pou fè sèvis Bondye. 41 Konsa tou, lè yon
moun pèdi cheve sou tout devan tèt li, li demi chòv. Sa pa
vle di li pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. 42 Men, si
kote l' chòv la yon ti tach koulè wouj-blan parèt, se ka yon
move maladi po k'ap leve sou kò l'. 43 Lè sa a, prèt la va
egzaminen l'. Si plak la gen yon ti koulè wouj-blan tankou
lè moun gen move maladi po sou kò yo, 44 l'a konnen se
yon moun ki gen move maladi po. Prèt la va fè konnen
moun lan pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye, akòz
move maladi po ki parèt sou tèt li a. 45 Lè yon moun
gen yon move maladi po, l'a mete vye rad chire sou li.
L'a kite tèt li san penyen, l'a kouvri figi l' depi anba nen l'
desann, epi kote l' pase la pran rele: Men moun malad!
Men moun malad! 46 Pandan tout tan maladi a va sou li,
li p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Se yon moun
ki gen move maladi po li ye. L'a rete yon kote pou kont
li, nan yon kay andeyò limit kote moun rete. 47 Lè yon
rad fèt an lenn nèt osinon an twal fen blan nèt bay mak
tankou li ta vle kanni, 48 ou ankò lè nan yon moso twal, fil
dwat yo osinon fil travè yo, kit yo fèt an lenn ou ankò an
kenaf, bay mak tankou yo ta vle kanni, ou ankò lè yon
moso po osinon yon bagay fèt an po bay mak tankou li ta
vle kanni, 49 si kote ki vle kanni an gen yon ti koulè vèt
osinon wouj, sa vle di se kanni l'ap kanni. Se pou nou
pote l' moutre prèt la. 50 Prèt la va pran l', l'a egzaminen l'
epi l'a fèmen bagay ki vle kanni an yon kote pou sèt jou.
51 Sou setyèm jou a, prèt la va egzaminen l' ankò. Si li wè
kanni an gaye sou twal la, osinon li mache nan fil dwat
yo osinon nan fil travè yo, oswa sou po a, osinon sou
bagay fèt ak po, sa vle di se kanni l'ap kanni vre. Moun
k'ap sèvi Bondye pa ka sèvi avè l' ankò. 52 Prèt la va
boule bagay ki kanni an, paske se yon move maladi k'ap
manje tout rad la. Se pou yo boule l' nan dife. 53 Men, si
lè prèt la egzaminen l', li jwenn kanni an pa gaye nan twal

la osinon nan po a, **54** prèt la va bay lòd pou yo lave l'.
Apre sa, l'a fèmen l' ankò yon kote pou sèt jou. **55** Sou
setyèm jou a, l'a egzaminen l' ankò. Si li wè kote ki te vle
kanni an rete menm jan an, menm si li pa gaye sou rès
twal la, bagay la pa nan bon kondisyon, moun k'ap sèvi
Bondye pa ka sèvi avè l'. Se pou yo boule l' nan dife,
kanni an te mèt sou lanvè ou sou landrèt li. **56** Men, si lè
prèt la ap egzaminen l' dezyèm fwa a, li wè kanni an te
pèdi koulè, fwa sa a, l'a chire kote ki te kanni nan twal la
osinon nan po a. Ou ankò, l'a wete fil dwat ou fil travè ki
te kanni nan twal la. **57** Si apre sa, kanni an parèt ankò
epi li konmanse gaye nan rès rad la, mèt rad la va boule
l'. **58** Si apre yo lave yon rad, kanni an disparèt, y'a lave l'
yon dezyèm fwa. Se lè sa a rad la va nan bon kondisyon,
moun k'ap sèvi Bondye ka sèvi avè l'. **59** Men regleman
pou nou swiv lè yon rad fèt an lenn osinon an twal fen
blan bay mak tankou li ta vle kanni, ou ankò lè nan yon
moso twal, fil dwat osinon fil travè yo, kit yo fèt an lenn ou
ankò an kenaf, bay mak tankou li ta vle kanni, ou ankò lè
yon moso po osinon nenpòt bagay ki fèt an po bay mak
tankou li ta vle kanni. Se konsa n'a konnen si moun k'ap
sèvi Bondye ka sèvi osinon pa ka sèvi ak yo.

14 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **2** -Men regleman
w'a bay pou yo swiv lè y'ap fè sèvis pou moun ki
geri apre yo te gen move maladi po. Jou pou yo rekonèt
moun lan geri a, y'a mennen l' bay prèt la. **3** Prèt la va
pran l', l'a soti ansanm avè l' lòt bò limit kan kote moun
rete a. L'a egzaminen l' byen egzaminen, pou l' wè si
malad la geri vre. **4** Prèt la va bay lòd pou yo pote pou
moun ki te malad la de zwazo tou vivan epi ki bon pou
moun k'ap fè sèvis pou Bondye, ansanm ak yon moso
bwa sèd, yon moso twal kamwazi ak yon ti branch izòp. **5**
Apre sa, prèt la va bay lòd pou yo touye premye zwazo a
anwo yon bòl an tè plen dlo fre. **6** L'a pran lòt zwazo a
tou vivan ansanm ak bwa sèd la, moso twal kamwazi a
ak ti branch izòp la, l'a plonje yo nan san zwazo yo te
touye anwo dlo fre a. **7** Apre sa, l'a voye san an sèt fwa
sou moun ki te gen move maladi po a epi l'a di moun lan
nan kondisyon ankò pou fè sèvis Bondye. L'a lage zwazo
vivan an pou l' vole al fè wout li nan bwa. **8** Moun ki te
malad la va lave rad ki te sou li yo, l'a kale tèt li nèt, l'a
benyen nan gwo dlo, epi l'a nan kondisyon pou fè sèvis
Bondye ankò. Apre sa, l'a antre nan kan kote moun rete
a, men li p'ap antre lakay li pandan sèt jou. **9** Sou setyèm
jou a, l'a kale tèt li ankò, l'a koupe tout bab li, tout plim je l'
ak tout plim ki sou tout rès kò li. L'a lave rad ki te sou li a,
l'a lave kò l' nan gwo dlo. Apre sa, l'a nan kondisyon pou
l' fè sèvis Bondye. **10** Sou wityèm jou a, l'a pran de ti
belye ki pa gen ankenn enfimite ak yon ti fenmèl mouton
ki gen ennan epi ki pa gen ankenn enfimite. L'a pran tou
de mamit farin melanje ak lwil oliv epi yon boutèy demi lit
plen lwil oliv. **11** Prèt k'ap fè sèvis la va mennen moun lan
ansanm ak ofrann li yo devan Seyè a, jouk nan papòt
Tant Randevou a. **12** Rive la, prèt la va pran yonn nan ti
belye yo, l'a ofri l' ansanm ak demi lit lwil la bay Seyè a
pou peye pou sa moun lan te fè ki mal. L'a balanse yo
devan Seyè a tankou yon ofrann espesyal pou Seyè a. **13**
L'a touye ti mouton an kote yo konn touye bèt yo ofri pou
mande padon an osinon pou boule nèt la, nan kote yo
mete apa pou sèvis Bondye a. L'a fè sa konsa paske bèt
moun yo ofri pou peye pou sa yo fè ki mal la osinon pou
mande Bondye padon an, se pou prèt la li ye. Se yon
ofrann yo mete apa nèt pou Seyè a. **14** Apre sa, prèt la
va pran ti gout nan san ti mouton an, l'a pase l' sou pwent
tete zòrèy dwat moun ki te malad la, sou gwo pous men
dwat li ak sou gwo zòtèy pye dwat li. **15** Prèt la va pran ti
gout lwil nan boutèy la, l'a vide l' nan pla men gòch li. **16**
L'a tranpe yon dwèt men dwat li nan lwil ki nan pla men
gòch li a. Avèk dwèt la, l'a voye ti gout lwil sèt fwa devan
lotèl Bondye a. **17** L'a pran ti gout nan lwil ki nan pla men
gòch li a, l'a mete l' menm kote li te mete san ti mouton
an, ki vle di sou pwent tete zòrèy dwat moun lan, sou gwo
pous men dwat li ak sou gwo zòtèy pye dwat li. **18** Lèfini,
l'a vide rès lwil ki nan pla men l' lan sou tèt moun lan. Se
konsa prèt la va fè sèvis pou mande Bondye padon devan
lotèl Seyè a. **19** Apre sa, prèt la va fè ofrann pou peye sa
moun lan fè ki mal. L'a fè sèvis pou mande Bondye padon
pou moun ki te malad la. L'a touye bèt pou yo boule nèt
la. **20** L'a mete l' sou lotèl la ansanm ak farin ble melanje
ak lwil la. Se konsa prèt la va fè sèvis pou mande padon
pou moun lan, epi moun lan va nan kondisyon ankò pou l'
fè sèvis Bondye. **21** Si moun lan pòv epi li pa gen anpil
mwayen, l'a pote yon sèl ti mouton pou yo ofri pou peye
pou sa moun lan te fè ki mal la. L'a pote twaka mamit
farin sèlman melanje ak lwil oliv ak yon boutèy demi lit
plen lwil. **22** L'a pote de ti toutrèl tou osinon de ti pijon, jan
mwayen li va penmèt li, yonn pou sèvi ofrann pou mande
padon, lòt la pou boule nèt pou Seyè a. **23** Sou wityèm
jou a, l'a pote yo bay prèt la devan pòt Tant Randevou a,
pou prèt la fè sèvis pou mete l' nan kondisyon pou li ka
sèvi Seyè a ankò. **24** Prèt la va pran ti mouton li ofri pou
peye pou sa moun lan fè ki mal la ansanm ak boutèy lwil
la, l'a balanse yo devan Seyè a tankou yon ofrann. **25**
Apre sa, l'a touye ti mouton an, l'a pran ti gout nan san li
l'a mete sou pwent tete zòrèy dwat moun ki te malad la,
sou gwo pous men dwat li ak sou gwo zòtèy pye dwat li.
26 Prèt la va vide ti gout lwil nan pla men gòch li, **27** l'a
tranpe yon dwèt men dwat li nan lwil ki nan pla men gòch
li a. Avèk dwèt la, l'a voye lwil la sèt fwa devan lotèl Seyè
a. **28** Apre sa, l'a pran nan lwil ki nan men gòch li a, l'a
mete l' menm kote li te mete san ti mouton an, ki vle di
sou pwent tete zòrèy dwat moun lan, sou gwo pous men
dwat li a ak sou gwo zòtèy pye dwat li a. **29** Lèfini, l'a vide
rès lwil ki nan pla men gòch li a sou tèt moun lan. Se
konsa l'a fè sèvis pou mande Bondye padon devan lotèl
Seyè a. **30** Apre sa, l'a ofri toutrèl yo, osinon pijon yo,
dapre sa mwayen moun lan te penmèt li, **31** yonn pou
mande padon pou peche, lòt la pou yo boule nèt ansanm
ak ofrann farin ble a. Se konsa prèt la va fè sèvis pou

mande Bondye padon pou moun lan. **32** Men regleman
pou yo swiv lè yon moun ki gen move maladi po pa gen
dekwa pou l' ofri tou sa li te dwe ofri pou sèvis ki pou
mete l' nan kondisyon pou fè sèvis Bondye ankò. **33** Seyè
a pale ak Moyiz ansanm ak Arawon, li di yo: **34** -Lè n'a fin
antre nan peyi Kanaran an, peyi m'ap ban nou pou rele
nou pa nou an, si mwen voye salpèt sou yonn nan kay
kote nou rete yo, men sa pou nou fè. **35** Mèt kay la va al
jwenn prèt la, l'a di l': Gen yon bagay tankou salpèt ki
parèt sou miray kay mwen an. **36** Prèt la va bay lòd pou
yo mete tou sa ki nan kay la deyò anvan li vin egzaminen
kay la. Konsa, tou sa ki te nan kay la ka toujou sèvi pou
moun k'ap sèvi Bondye. Apre sa, prèt la va vini, l'a antre
nan kay la pou egzaminen l'. **37** L'a egzaminen tout miray
yo. Si li wè gen kèk kote ki manje nan miray la, epi ki gen
ti koulè vèt osinon wouj, **38** prèt la va soti nan kay la, l'a
fèmen l' akle pou sèt jou. **39** Sou setyèm jou a, prèt la va
tounen, l'a egzaminen miray kay la ankò. Si li wè tach la
gaye sou miray kay la, **40** prèt la va bay lòd pou yo wete
wòch kote yo te jwenn salpèt la, y'a voye wòch yo jete yon
kote andeyò lavil la, kote yo mete bagay ki pa ka sèvi pou
sèvis Bondye. **41** Apre sa, l'a fè yo grate tout anndan kay
la, epi y'a jete tout vye kras mòtye yo te grate a andeyò
lavil la, menm kote yo mete bagay ki pa ka sèvi nan sèvis
Bondye. **42** Y'a pran lòt wòch ranplase wòch yo te wete
yo epi y'a rekrepi kay la. **43** Si salpèt la parèt ankò apre
yo fin wete wòch malad yo, apre yo fin grate kay la epi yo
rekrepi l', **44** prèt la va tounen vin gade. Si li wè salpèt la
gaye nan kay la, la konnen kay la gen yon move maladi
sou miray li. Moun k'ap sèvi Bondye pa ka rete ladan l'.
45 Lè sa a, y'a demoli kay la nèt epi y'a pran wòch, bwa,
mòtye ki te nan kay la, y'a voye yo jete andeyò lavil la,
kote yo mete bagay ki pa ka sèvi pou sèvis Bondye. **46**
Tout moun ki te antre anndan kay la lè kay la te fèmen an
p'ap nan kondisyon pou sèvi Bondye jouk aswè rive. **47**
Tout moun ki te kouche osinon ki te manje anndan kay la
va gen pou lave rad ki te sou yo. **48** Lè prèt la vin gade a,
si li te jwenn salpèt la disparèt nèt apre yo te fin rekrepi
kay la, prèt la va fè konnen kay la nan bon kondisyon
ankò pou moun k'ap sèvi Bondye ka rete ladan l', paske
salpèt la disparèt nèt. **49** Apre sa, prèt la va fè sèvis pou
wete peche nan kay la. L'a pran de zwazo, kèk moso bwa
sèd, yon moso twal kamwazi ak yon ti branch izòp. **50** L'a
touye yonn nan ti zwazo yo anwo yon bòl an tè plen dlo
fre. **51** Apre sa, l'a pran bwa sèd la, ti branch izòp la,
moso twal kamwazi a ansanm ak lòt zwazo ki vivan an, l'a
plonje yo nan san premye zwazo a ki melanje ak dlo fre a.
Apre sa, l'a voye san an sèt fwa sou kay la. **52** Se konsa
prèt la va fè sèvis pou wete peche nan kay la, avèk san
zwazo a, dlo fre a, zwazo vivan an, bwa sèd la, ti branch
izòp la, epi moso twal kamwazi a. **53** Apre sa, l'a lage ti
zwazo vivan an pou l' vole al fè wout li nan bwa andeyò
lavil la. Se konsa l'a fè sèvis pou mande Bondye padon
pou kay la epi kay la va nan bon kondisyon pou moun k'ap
sèvi Bondye ka rete ladan l' ankò. **54** Men regleman pou
nou swiv lè yon moun gen move maladi po osinon pyas,
55 lè kanni tonbe sou rad osinon lè salpèt parèt nan yon
kay, **56** lè yon moun gen yon kote sou po l' ki anfle osinon
lè li gen yon bouton ou ankò yon tach ki parèt sou po l'.
57 Se konsa n'a konnen lè yon bagay nan bon kondisyon
osinon lè li pa nan bon kondisyon pou moun k'ap sèvi
Bondye. Se tout regleman yo sa pou move maladi po.

15 Seyè a pale ak Moyiz ansanm ak Arawon, li di yo
konsa: **2** -Pale ak pèp Izrayèl la, di yo pou mwen:
Lè yon nonm gen ekoulman, li pa nan kondisyon pou fè
sèvis Bondye. **3** Kit ekoulman an ap koule, kit li bloke ti
pati li, nonm lan pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. **4**
Moun k'ap sèvi Bondye pa ka sèvi ak kabann kote moun
malad la kouche ni ak bagay kote l' te chita. **5** Tout moun
ki manyen kabann lan gen pou lave rad ki sou yo, yo gen
pou yo benyen nan gwo dlo, epi yo p'ap nan kondisyon
pou fè sèvis Bondye jouk aswè. **6** Konsa tou, tout moun
ki chita sou bagay kote li te chita gen pou lave rad ki sou
yo, pou yo benyen nan gwo dlo epi yo p'ap nan kondisyon
pou fè sèvis Bondye jouk aswè. **7** Tout moun ki manyen
yon moun ki gen ekoulman gen pou yo lave rad ki sou yo,
pou yo benyen nan gwo dlo epi yo p'ap nan kondisyon
pou fè sèvis Bondye jouk aswè. **8** Si nonm malad la
krache sou yon moun ki te nan kondisyon pou fè sèvis
Bondye, moun sa a gen pou l' lave rad ki te sou li a, li gen
pou l' benyen nan gwo dlo epi li p'ap nan kondisyon pou
fè sèvis Bondye jouk aswè. **9** Si nonm malad la moute
sou yon sèl chwal, moun ki nan kondisyon pou fè sèvis
Bondye pa ka sèvi avèk sèl la. **10** Tout moun ki manyen
nenpòt bagay kote nonm lan te chita a p'ap nan kondisyon
pou fè sèvis Bondye jouk aswè. Tout moun ki va pran
nenpòt bagay kote nonm lan te chita a pou yo pote l' ak
men yo, yo gen pou lave rad sou yo, pou yo benyen nan
gwo dlo epi yo p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye
jouk aswè. **11** Si yon nonm ki gen ekoulman manyen yon
moun san li pa lave men l' anvan, moun sa a gen pou
lave rad ki sou li, li gen pou l' benyen nan gwo dlo epi li
p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye jouk aswè. **12**
Depi nonm malad la manyen yon veso fèt an tè, se pou
yo kraze veso a. Men, si veso a fèt an bwa, y'a lave l' nan
gwo dlo. **13** Apre nonm ki te gen ekoulman an fin geri, li
gen pou l' tann sèt jou anvan li fè sèvis ki pou mete l'
nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Lè sa a, l'a lave rad
ki sou li, l'a benyen nan dlo dous. Se konsa l'a vin nan
kondisyon pou fè sèvis Bondye ankò. **14** Sou wityèm jou
a, l'a pran de toutrèl osinon de pijon, l'a pote yo bay prèt
la devan pòt Tant Randevou a. **15** Prèt la va ofri yonn
ladan yo pou wete peche li yo, lòt la pou yo boule nèt pou
Seyè a. Se konsa l'a fè sèvis pou mande Bondye padon
pou ekoulman nonm lan te genyen an. **16** Lè yon nonm
voye sou li, se pou li lave tout kò l' nan dlo epi li p'ap
nan kondisyon pou fè sèvis Bondye jouk aswè. **17** Depi
dechay la tonbe sou yon bagay fèt an twal osinon an po,
se pou yo lave bagay sa yo, epi moun ki nan kondisyon

pou fè sèvis Bondye p'ap ka sèvi ak bagay sa yo jouk
aswè. 18 Lè yon nonm kouche ak yon fanm epi li voye
anndan l', tou de gen pou benyen nan gwo dlo, epi yo
p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye jouk aswè. 19 Lè
yon fanm gen règ li, li p'ap nan kondisyon pou fè sèvis
Bondye pandan sèt jou. Tout moun ki manyen l' pandan
sèt jou sa yo p'ap nan kondisyon tou pou fè sèvis Bondye
jouk aswè. 20 Lè konsa, moun k'ap sèvi Bondye pa ka
sèvi ak kabann kote l' kouche ni ak bagay li te sèvi pou l'
chita. 21 Lè yon moun manyen kabann yon fanm konsa, li
gen pou l' lave rad ki sou li, l'a benyen nan gwo dlo, epi li
p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye jouk aswè. 22 Si
yon moun manyen yon bagay fanm lan te sèvi pou l' chita,
li gen pou l' lave rad ki sou li, l'a benyen nan gwo dlo epi li
p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye jouk aswè.
23 Wi, depi se kabann fanm lan osinon yon bagay fanm
lan sèvi pou l' chita yon moun manyen, moun sa a p'ap
nan kondisyon pou fè sèvis Bondye jouk aswè. 24 Si yon
nonm kouche ak yon fanm ki gen règ li epi li sal ak san, li
p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye pandan sèt jou.
Depi li kouche sou yon kabann, moun k'ap sèvi Bondye
p'ap ka sèvi ak kabann sa a. 25 Si yon fanm gen règ li
pandan plizyè jou lè li pa nan peryòd li, osinon si règ li
kontinye koule kèk jou apre peryòd li pase, se va menm
jan an tou. Li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye
pandan tout jou san an ap koule a, tankou lè l' gen règ li
nòmal. 26 Lè sa a, moun k'ap sèvi Bondye pa ka sèvi ni
ak kabann kote l' kouche ni ak bagay li sèvi pou l' chita.
27 Si yon moun manyen yonn nan bagay sa yo, li p'ap
nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye, l'a gen pou l' lave
rad ki sou li, pou l' benyen nan gwo dlo epi li p'ap nan
kondisyon pou l' fè sèvis Bondye jouk aswè. 28 Lè san an
va sispann koule, fanm lan va tann sèt jou. Se apre sa l'a
nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye. 29 Sou wityèm jou
a, l'a pran de toutrèl osinon de pijon, l'a pote yo bay prèt la
devan pòt Tant Randevou a. 30 Prèt la va ofri yonn ladan
yo pou wete peche li yo, l'a ofri lòt la pou boule nèt pou
Bondye. Se konsa l'a fè sèvis pou mande Bondye padon
pou fanm lan, paske règ la te mete l' nan kondisyon li pa
t' ka fè sèvis Bondye. 31 Seyè a di Moyiz ankò: -Pale
moun Izrayèl yo byen. Lè yo pa nan kondisyon pou fè
sèvis Bondye, piga yo pwoche bò Tant Randevou a ki nan
mitan kan kote yo rete a. Si yo fè sa y'a mouri. 32 Men
regleman pou yo swiv lè yon nonm pa ka fè sèvis Bondye
paske li gen ekoulman osinon paske li voye sou li, 33 lè
yon fanm gen règ li, osinon lè yon nonm kouche ak yon
fanm ki pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye, wi pou
tout moun, fanm kou gason, ki gen ekoulman.

16 Seyè a pale ak Moyiz apre lanmò de pitit gason
Arawon yo ki te mouri lè yo te ofri yon dife ki pa
t' bon bay Seyè a. 2 Seyè a di Moyiz konsa: -Pale ak
Arawon, frè ou la, pou l' pa antre nenpòt kilè, nenpòt ki
jan dèyè rido a nan kote ki apa pou mwen an, devan
kouvèti espesyal ki sou Bwat Kontra a. Paske se la, sou
kouvèti ki sou bwat kontra a, mwen parèt nan yon nwaj. Si
li pa swiv lòd sa a, li ka mouri. 3 Lè l'ap antre nan kote
ki apa nèt pou Bondye a, li gen pou l' pote yon jenn ti
towo ak yon belye. Ti towo a va sèvi pou mande Bondye
padon, epi y'a boule belye a nèt pou Seyè a. 4 Men ki jan
pou Arawon abiye lè l'ap antre nan kay Bondye a. L'a
mete rad seremoni pou prèt yo mete lè y'ap fè sèvis pou
Bondye. L'a mete chemiz twal fen blan an ak kalson twal
fen blan an, l'a mare sentiwon twal fen blan an nan ren l'
ak mouchwa tèt twal fen blan an nan tèt li. L'a lave kò l'
nan gwo dlo anvan la mete yo sou li. 5 Moun pèp Izrayèl
yo va bay Arawon de bouk kabrit ak yon belye. Bouk
kabrit yo va sèvi ofrann pou mande Bondye fè gras. Belye
a menm, y'a boule l' nèt pou Seyè a. 6 Arawon va ofri ti
towo bèf la pou yo touye l' pou wete peche l' yo ak peche
fanmi l' yo. Se konsa l'a fè sèvis pou mande Bondye
padon an pou li ak pou fanmi l'. 7 Apre sa, l'a pran de
bouk kabrit yo, l'a mennen yo devan pòt Tant Randevou
a. L'a prezante yo devan lotèl Bondye a. 8 Apre sa, l'a tire
osò ak de ti wòch, yonn make: Pou Seyè a, lòt la: Pou
Azazèl. 9 Arawon va touye bouk kabrit ki soti pou Seyè a,
l'a ofri l' pou wete peche. 10 Men, l'a pran bouk kabrit ki
soti pou Azazèl la, y'a prezante l' tou vivan devan Seyè a.
Apre sa, lè y'a fin fè sèvis sou li pou wete peche pou pèp
la, y'a lage l' nan dezè a pou l al jwenn Azazèl. 11 Lèfini,
Arawon va touye ti towo bèf li te ofri pou wete peche pa l'
yo. L'a fè sèvis pou mande Bondye padon pou peche pa l'
yo ansanm ak peche fanmi l' yo. 12 Apre sa, l'a pran yon
recho, l'a plen l' chabon dife tou limen la jwenn sou lotèl
la, l'a pran de ponyen lansan santi bon an poud. L'a pote
recho a ak lansan an antre nan kote ki apa nèt pou Seyè
a. 13 Rive la, devan lotèl Seyè a, l'a mete lansan an sou
dife a, lafimen lansan an va kouvri kouvèti Bwat Kontra a
nèt. Konsa, li p'ap ka wè l', li p'ap mouri. 14 L'a tranpe
dwèt li nan san ti towo bèf la, l'a voye san an sou bò
devan kouvèti Bwat Kontra a, sou bò solèy leve. Apre sa,
l'a voye san an sèt fwa devan kouvèti a avèk dwèt li. 15
Se lè sa a l'a touye kabrit pou wete peche pèp la. L'a pran
san an, l'a pote l' anndan kote ki apa nèt pou Seyè a, l'a
voye l' sou kouvèti a ak devan kouvèti a, menm jan li te fè
pou san ti towo bèf la. 16 Se konsa, poutèt tout peche ak
tout mechanste pèp la fè yo, epi poutèt moun nan pèp la
ki pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye, Arawon va fè
sèvis pou mande Bondye fè gras pou kote ki apa nèt pou
li a. L'a fè sa tou pou Tant Randevou a, paske tant lan
kanpe nan mitan pèp la ak tout moun nan pèp la ki pa nan
kondisyon pou fè sèvis Bondye. 17 Depi Arawon antre
nan kote ki apa nèt pou Seyè a pou l' fè sèvis pou mande
padon an jouk lè li soti, lòt moun pa gen dwa anndan tant
Randevou a. L'a fè sèvis la pou li menm, pou fanmi l' ak
pou tout moun pèp Izrayèl yo. 18 Lèfini, l'a soti, l'a ale
bò kote lotèl pou boule ofrann lan, l'a fè sèvis pou wete
peche pou li tou. Epi, l'a pran nan san ti towo bèf la ak
nan san bouk kabrit la, l'a mete sou kat kòn ki sou kat
kwen lotèl la. 19 Lèfini, avèk dwèt li, l'a voye san an sèt
fwa sou lotèl la. Se konsa, poutèt moun nan pèp Izrayèl la

ki pa nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye, l'a fè sèvis
pou mete lotèl la nan kondisyon pou fè sèvis Bondye, l'a
mete l' apa pou Bondye. 20 Lè Arawon va fin fè sèvis pou
wete peche pou kote ki apa nèt pou Bondye a, pou Tant
Randevou a ak pou lotèl la, l'a fè yo pwoche bouk kabrit
vivan yo te chwazi pou Azazèl la devan Seyè a. 21 L'a
mete tou de men l' yo sou tèt kabrit la, l'a rekonèt sou li
tout peche, tout mechanste ak tout movezak pèp Izrayèl
la te fè. Se konsa l'a mete tout peche sa yo sou tèt kabrit
la. Lèfini, l'a fè moun ki chwazi pou sa a mennen kabrit la
al lage l' nan dezè a. 22 Bouk la va pote tout peche yo
ale sou li yon zòn kote pa gen moun rete la. 23 Apre sa,
Arawon va antre ankò nan Tant Randevou a. L'a wete rad
fen blan li te mete sou li pou li te ka antre nan kote ki apa
nèt pou Seyè a, l'a kite yo la. 24 L'a pran yon bon beny
nan kote yo mete apa pou sa a, l'a mete lòt rad sou li.
Apre sa, l'a soti, l'a ofri bèt pou yo boule nèt yo pou peche
pa l' yo ak pou tout peche pèp la. L'a fè sèvis pou mande
Bondye padon. 25 L'a pran grès bèt yo te ofri pou peche
a, l'a boule yo sou lotèl la. 26 Nonm ki te al lage bouk
kabrit la pou Azazèl nan dezè a gen pou l' lave tout rad ki
sou li, epi pou l' pran yon bon beny nan gwo dlo, anvan li
tounen nan kan kote moun yo rete a. 27 Y'a pran towo
bèf ak kabrit yo te touye pou wete peche a, y'a pote yo
ale andeyò limit kan kote moun yo rete a, epi y'a boule po
vyann yo ansanm ak tout tripay yo nèt. Se san bèt sa yo
yo te pote nan kote ki apa nèt pou Seyè a pou fè sèvis
pou mande padon pou peche. 28 Moun ki te al boule yo a
va gen pou l' lave rad li tou, pou l' benyen nèt nan gwo dlo
anvan li tounen nan kan kote moun yo rete a. 29 Men
regleman pou nou fè tout tan tout tan jouk sa kaba. Sou
dizyèm jou nan setyèm mwa a, tout moun pèp Izrayèl yo
ansanm ak tout moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou
yo va fè jèn, yo p'ap fè ankenn travay jou sa a. 30 Paske,
jou sa a y'a fè sèvis pou wete yo anba tout peche yo, pou
yo ka parèt nan bon kondisyon devan Seyè a. 31 Jou
sa a va yon jou espesyal pou nou fè jèn, yon jou pou
nou pa travay menm. Se lòd mwen ban nou, se pou nou
toujou fè sèvis sa a. 32 Se va reskonsablite granprèt yo
va mete apa pou fè sèvis Seyè a nan plas papa l' la pou li
fè sèvis pou mande Bondye padon, l'a mete rad fen blan
yo, rad pou prèt yo mete lè y'ap fè sèvis. 33 L'a fè sèvis
pou wete peche pou kote ki apa nèt pou Bondye a, pou
Tant Randevou a ak pou lotèl la, l'a fè ofrann pou prèt yo
ak pou tout pèp Izrayèl la. 34 Men regleman pou nou swiv
tout tan tout tan. Se yon sèvis pou yo fè yon fwa chak
lanne pou mande padon pou peche pèp Izrayèl la. Yo te
fè tout bagay jan Seyè a te bay Moyiz lòd fè a.

17 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: 2 -Pale ak
Arawon ak pitit gason l' yo epi ak tout moun pèp
Izrayèl yo. W'a di yo: Men bagay Seyè a bay lòd pou nou
fè: 3 Si yonn nan moun Izrayèl yo touye yon towo bèf, yon
mouton osinon yon kabrit nan kan kote yo rete a, ou ankò
lòt bò limit kan an, 4 depi se pa devan pòt Tant Randevou
a li touye l' pou l' ofri l' bay Seyè a la devan kay Seyè a,
moun sa a koupab, li fè yon krim, li fè san koule. Se pou
yo wete l' nèt nan mitan moun pèp Bondye a. 5 Sa vle
di: Depi koulye a moun pèp Izrayèl yo gen pou mennen
devan Seyè a tout bèt yo te konn touye nan jaden. Se
pou yo mennen yo bay prèt la devan pòt Tant Randevou
a. Se la y'a touye yo, menm jan yo touye bèt y'ap ofri pou
di Bondye mèsi. 6 Prèt la va pran san an, l'a vide l' sou
lotèl la, devan pòt Tant Randevou a. L'a boule grès la pou
l' fè yon bon sant ki va fè Seyè a plezi. 7 Se pou moun
pèp Izrayèl yo sispann ofri bèt pou yo touye bay zidòl nan
jaden tankou yo te konn fè lè yo te vire do bay Bondye a.
Se pou pèp la toujou kenbe lòd sa a de pitit an pitit. 8
Epi w'a di yo ankò: Ankenn moun nan pèp Izrayèl la, ni
moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan yo pa gen dwa touye
bèt yo ofri ni pou yo boule nèt ni pou lòt kalite sèvis 9
ankenn lòt kote, si se pa devan pòt Tant Randevou a pou
li ofri l' bay Seyè a. Si se pa sa, y'a wete l' nèt nan mitan
moun pèp Bondye a. 10 Pesonn ni nan pèp Izrayèl la, ni
pami moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan yo pa gen dwa
manje vyann ak tout san li ladan l'. Si li fè l', mwen menm
Seyè a, mwen p'ap okipe l' ankò, m'ap wete l' nan mitan
pèp mwen an. 11 Nanm tout bèt vivan se nan san an
li ye. Se poutèt sa, mwen menm Seyè a, mwen mande
pou yo vide tout san an sou lotèl la pou li ka wete peche
pèp la. Nou bay san an pou nanm nou. 12 Se poutèt sa
Seyè a te di moun pèp Izrayèl yo: Pesonn nan pèp Izrayèl
la, ni ankenn moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou
pa gen dwa manje vyann ki gen san ladan l'. 13 Lè yon
moun nan pèp Izrayèl la osinon yon moun lòt nasyon k'ap
viv nan mitan yo al lachas, si li pran yon bèt osinon yon
zwazo yo gen dwa manje, l'a vide tout san bèt la atè epi
la kouvri l' ak tè. 14 Paske nanm tout bèt vivan se nan
san an li ye. Se poutèt sa mwen menm, Seyè a, mwen di
moun pèp Izrayèl yo: Yo pa gen dwa manje vyann ankenn
bèt ak tout san an ladan l'. Paske se nan san an nanm lan
ye. Tout moun ki manje vyann ak san li ladan l', m'ap wete
yo nan mitan pèp mwen an. 15 Mwen pa bezwen konnen
si se moun pèp Izrayèl la osinon moun lòt nasyon k'ap viv
nan mitan nou, depi yon moun manje vyann yon bèt mouri
osinon vyann bèt yon lòt bèt nan bwa ta touye, l'a gen pou
l' lave rad ki sou li, l'a benyen nan gwo dlo, epi li p'ap nan
kondisyon pou fè sèvis Bondye jouk aswè. Se aprè sa l'a
nan kondisyon pou fè sèvis Bondye ankò. 16 Men, si li pa
lave rad ki sou li yo, si li pa benyen nèt, l'a peye sa l' fè a.

18 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: 2 -Pale ak moun
pèp Izrayèl yo, w'a di yo: Se mwen menm ki Seyè
a, Bondye nou an! 3 Piga nou janm fè menm jan ak moun
peyi Lejip kote nou te ye a, ni tankou moun peyi Kanaran
kote mwen pral mennen nou an. Piga nou swiv mès yo. 4
Se pou nou swiv lòd mwen ban nou. Se pou nou fè sa
mwen di nou fè. Se pou nou mache dapre prensip mwen
ban nou. Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an. 5 Se
pou nou swiv regleman ak lòd mwen ban nou yo. Gremesi
sa m' di nou fè a, tout moun ki koute m' va jwenn lavi. Se
mwen menm ki Seyè a! 6 Apre sa, Seyè a bay regleman

sa yo: -Piga pesonn kouche yon fanm ki fanmi pre l'. Se
mwen menm ki Seyè a. 7 Piga ou jete dezonè sou papa
ou pou ou kouche madanm li, se manman ou li ye. Pa
jete dezonè sou manman ou. 8 Piga ou jete dezonè sou
papa ou pou ou kouche yonn nan fanm kay papa ou yo. 9
Piga ou kouche sè ou, li te mèt menm papa osinon menm
manman avè ou, kit li te elve nan menm kay avè ou, kit li
te elve lòt kote. Piga ou kouche l'. 10 Piga ou kouche pitit
fi pitit gason ou osinon pitit fi pitit fi ou. Se va sou pwòp tèt
ou w'a jete dezonè. 11 Piga ou kouche pitit fi madanm
papa ou. Se pou ou konsidere l' tankou pwòp sè ou. 12
Piga ou kouche matant ou, kit se matant bò papa, 13
kit se bò manman. 14 Piga ou kouche madanm tonton
ou bò papa. Se pou ou konsidere l' tankou matant ou.
15 Piga ou kouche bèlfi ou: se madanm pitit gason ou li
ye. Pa jete dezonè sou li. 16 Piga ou kouche madanm
frè ou. Pa jete dezonè sou frè ou. 17 Piga ou kouche
pitit fi osinon pitit pitit fi yon madanm ki te nan afè avè
ou deja. Pa kouche yo. Se tankou si se te fanmi pre ou
yo te ye. Si ou fè sa, se va yon wont! 18 Piga ou pran
yonn nan sè madanm ou pou yonn nan pwòp madanm ou
yo toutotan madanm ou vivan. Sa ka mete yon jalouzi
nan mitan yo. 19 Piga ou kouche yon fanm ki gen règ li,
paske lè sa a li pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
20 Piga ou kouche madanm yon frè parèy ou, paske lè
nou fè sa, ni ou ni fanm lan, nou pa nan kondisyon pou fè
sèvis Bondye. 21 Piga ou janm bay yonn nan pitit fi ou yo
tankou ofrann pou yo boule bay zidòl yo rele Molòk la,
paske lè sa a w'a fè yo derespekte non Bondye. Se mwen
menm ki Seyè a. 22 Piga yon gason kouche yon lòt gason
tankou yo kouche yon fanm: Se bagay Bondye pi pa vle
wè. 23 Ni fanm ni gason pa gen dwa kwaze ak zannimo.
Se bagay k'ap mete yo nan kondisyon pou yo pa ka fè
sèvis Bondye. Se bagay sal nèt. 24 Piga nou janm fè
bagay sa yo k'ap mete nou nan kondisyon pou nou pa
ka fè sèvis Bondye. Se bagay konsa pèp lòt nasyon ki
t'ap viv nan peyi a anvan nou yo te konn fè. Se poutèt sa
Seyè a ap mete yo deyò pou nou ka pran plas yo. 25 Yo
te mete tout peyi a nan move kondisyon ak sa yo t'ap fè
a. Se konsa mwen menm Seyè a, m'ap peni peyi a, m'ap
fè l' voye moun ki rete sou li yo jete deyò. 26 Men nou
menm, se pou nou kenbe tout lòd ak tout kòmandman
mwen ban nou yo. Piga pesonn ni nan nou, ni nan moun
lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou yo fè ankenn nan bagay
mwen pa vle wè yo. 27 Se paske moun ki te rete nan peyi
a anvan nou yo te fè tout kalite bagay sa yo, kifè yo te
mete peyi a nan move kondisyon sa a. 28 Konsa tou, si
nou mete peyi a nan move kondisyon, peyi a pral voye
nou jete deyò menm jan li te fè l' pou pèp ki te la anvan
nou yo. 29 Depi yon moun fè yonn nan bagay sal sa yo,
y'ap wete l' nan mitan pèp Bondye a. 30 Epi Seyè a di: -
Se pou nou kenbe lòd mwen yo. Pa swiv move mès moun
ki te rete nan peyi a anvan nou yo. Pa fè vye bagay sa
yo k'ap mete nou nan kondisyon pou nou pa ka fè sèvis
Bondye. Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an!

19 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: 2 -Pale ak
tout moun ki fè pati pèp Izrayèl la. W'a di yo: Se
pou nou viv apa pou mwen paske mwen menm, Seyè a,
Bondye nou an, mwen se yon Bondye apa. 3 Se pou
nou tout respekte manman ak papa nou. Se pou nou
respekte regleman jou repo mwen yo. Se mwen menm ki
Seyè a, Bondye nou an! 4 Pa janm vire do ban mwen
pou n' al sèvi zidòl. Piga nou janm fonn metal pou fè
estati ki pou sèvi nou bondye. Se mwen menm ki Seyè a,
Bondye nou an! 5 Lè n'ap touye bèt pou fè ofrann pou
di Seyè a mèsi, se pou nou fè l' jan mwen mande l' la
pou m' ka asepte l' nan men nou. 6 Se pou nou manje
vyann bèt yo ofri ban mwen an menm jou a, osinon nan
denmen. Men, sou twazyèm jou a, tout sa ki rete nan
vyann lan, se pou nou boule l'. 7 Paske si nou manje l'
sou twazyèm jou a, se yon manje gate li ye! Seyè a p'ap
asepte l' nan men nou. 8 Se poutèt sa, tout moun ki va
manje yon vyann konsa va gen pou peye pou sa l' fè a,
paske li pa respekte bagay yo te mete apa pou mwen.
Moun konsa se pou nou wete yo nan mitan pèp mwen an.
9 Lè n'ap ranmase rekòt nan jaden nou, se pa pou nou
ranmase sa ki toupre lizyè jaden an, ni nou pa bezwen
tounen dèyè pou nou ranmase ti grenn ki te tonbe atè.
10 Nou pa bezwen tounen nan jaden rezen an pou nou
ranmase dènye ti grap rezen yo te bliye, osinon pou nou
ranmase ti grenn rezen ki te tonbe atè. N'a kite sa pou
moun peyi a ki pa gen anyen, ak pou moun lòt nasyon
k'ap viv nan mitan nou yo. Se mwen menm ki Seyè a,
Bondye nou an! 11 Piga nou pran sa ki pa pou nou. Piga
nou yonn twonpe lòt. Piga nou bay frè parèy nou manti.
12 Piga nou pran non m' pou fè sèman pou twonpe moun.
Si nou fè sa, se derespekte n'ap derespekte non Bondye
nou an. Se mwen menm ki Seyè a! 13 Piga nou pwofite
sou moun menm ras ak nou. Lè lè pou nou peye moun
ki travay pou nou an rive, peye l' lajan l'. Piga nou voye
l' pou denmen maten. 14 Piga ou madichonnen moun
soud. Piga ou mete ankenn bagay sou chemen moun
avèg pou fè yo tonbe. Se pou nou gen krentif pou mwen.
Se mwen menm ki Seyè a! 15 Piga nou fè lenjistis lè nou
nan tribinal. Piga nou fè patipri pou pòv. Piga nou achte
figi grannèg. N'a rann jistis pou tout frè parèy nou san fè
paspouki. 16 Pa mache bay manti sou moun menm ras
avèk nou. Piga nou kanpe pou fè yo touye san rezon yon
moun menm ras avèk nou. Se mwen menm ki Seyè a! 17
Piga nou kenbe frè nou nan kè. Si yo gen kichòy avèk
nou, regle sa la pou la. Konsa, yo p'ap lakòz nou tonbe
nan peche. 18 Piga nou tire revanj sou pesonn. Piga nou
kenbe moun menm ras ak nou nan kè, men se pou nou
renmen yo tankou nou renmen pwòp tèt pa nou. Se mwen
menm ki Seyè a! 19 Se pou nou kenbe lòd mwen ban nou
yo. Piga nou kwaze de zannimo ki pa menm kalite. Piga
nou plante de kalite plant anmenmtan nan jaden nou.
Piga nou mete sou nou rad depaman. 20 Lè yon moun te
gen tan pwomèt vann yon esklav fi bay yon nonm pou
madanm, men lòt nonm lan poko peye pou esklav la, ni li

menm li poko ba li libète l', si li kouche fi a, se pou yo peni
yo san yo pa bezwen touye yo, paske fanm lan te esklav li
toujou. 21 Nonm lan va mennen yon belye mouton devan
pòt Tant Randevou a, l'a ofri l' bay Seyè a pou peye pou
sa l' fè a. 22 Prèt la va pran belye mouton an, l'a fè sèvis
pou l' mande Bondye gras pou peche li te fè a epi Bondye
va padonnen l' sa. 23 Le n'a antre nan peyi Kanaran an,
apre n'a fin plante tout kalite pyebwa ki ka donnen, n'a
konsidere rekòt twa premye lanne yo tankou bagay ki
pa bon pou nou manje. Pandan twazan, piga nou manje
anyen nan rekòt la. 24 Lè katriyèm lanne a vin rive, n'a
pran tout rekòt katriyèm lanne a, n'a ofri l' ban mwen,
mwen menm Seyè a, pou nou moutre jan nou genyen m'
rekonesans. 25 Men sou senkyèm lanne a, nou ka manje
donn yo. Si nou fè sa konsa, pyebwa nou yo va donnen pi
plis toujou. Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an! 26
Piga nou manje ankenn vyann ak tout san li ladan l'. Piga
nou chache konnen davans bagay ki gen pou rive nou
nan lavi. Pa etidye pozisyon zetwal pou chache konnen
sa ki pral rive sou latè. 27 Lè nou gen moun mouri, piga
nou koupe pafouten nou raz, piga nou taye pwent bab
nou, 28 piga nou make kò nou avèk kout kouto, ni piga
nou fè desen ak lank sou kò nou. Se mwen menm ki
Seyè a! 29 Piga nou avili pitit fi nou yo pou nou voye yo fè
jennès nan tanp zidòl yo. Si nou fè sa, tout peyi a va vire
al jwenn zidòl yo. Lè sa a, tout moun va lage kò yo nan fè
sa ki mal. 30 Se pou nou respekte regleman jou repo
mwen yo. Se pou nou respekte kay ki apa pou mwen an.
Se mwen menm ki Seyè a! 31 Piga n' al konsilte moun
k'ap rele mò nan tab tounant osinon moun k'ap fè divinò.
Si nou fè sa, n'ap tounen tankou moun sa yo, nou p'ap
nan kondisyon pou fè sèvis pou mwen. Se mwen menm ki
Seyè a, Bondye nou an! 32 Toujou leve kanpe devan
granmoun cheve blan. Respekte figi vye granmoun, paske
nou gen krentif pou mwen menm, Bondye nou an. Se
mwen menm ki Seyè a! 33 Piga nou maltrete moun lòt
nasyon ki vin rete nan peyi a ansanm ak nou. 34 Se pou
nou aji ak yo menm jan nou gen pou nou aji ak moun natif
natal peyi a. Se pou nou renmen yo tankou nou renmen
pwòp tèt pa nou. Pa bliye nou menm tou yon lè nou te
rete nan peyi Lejip ki pa t' peyi pa nou! Se mwen menm
ki Seyè a, Bondye nou an! 35 Piga nou fè lenjistis nan
tribinal. Piga nou twonpe moun lè n'ap mezire longè yon
bagay, lè n'ap peze nan balans, lè n'ap mezire pa mamit.
36 N'a toujou gen bon balans, bon pwa, bon lòn, bon mezi.
Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an. Se mwen
menm ki te fè nou soti kite peyi Lejip! 37 Se pou nou
kenbe tout lòd ak tout kòmandman mwen ban nou yo. Se
pou nou swiv yo. Se mwen menm ki Seyè a!

20 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: 2 -Men sa pou
ou di moun pèp Izrayèl yo: Depi yon moun bay yonn
nan pitit li yo pou sèvi nan sèvis zidòl Molòk, li te mèt
moun peyi a osinon moun lòt nasyon k'ap viv nan peyi a,
se pou yo touye l'. Wi, tout moun nan peyi a va kalonnen
l' wòch jouk li mouri. 3 Mwen menm bò pa m', mwen p'ap
okipe l' ankò, m'ap wete l' nan mitan pèp mwen an. Paske
li te bay yonn nan pitit li yo pou sèvi nan sèvis Molòk, li
mete kay ki apa pou mwen an nan kondisyon yo pa ka fè
sèvis ladan l' pou mwen, li derespekte non mwen. 4 Men,
si moun ki nan peyi a fèmen je yo sou sa nonm lan fè a,
lè li te bay pitit li pou fè sèvis pou Molòk la, si yo pa touye
l', 5 se mwen menm ki p'ap okipe l' ankò, li menm ak tout
fanmi l'. M'ap wete yo nan mitan pèp mwen an, ni li, ni
nenpòt lòt moun k'ap vire do ban mwen tankou l' pou y
al sèvi Molòk. 6 Si yon moun vire do ban mwen poul al
konsilte moun k'ap rele mò nan tab tounant, osinon moun
k'ap fè divinò, mwen p'ap okipe l' ankò, m'ap wete l' nan
mitan pèp mwen an. 7 Se pou nou viv apa pou mwen.
Piga nou fè bagay mwen di nou pa fè, paske se mwen
menm ki Seyè a, Bondye nou an. 8 Se pou nou kenbe lòd
mwen ban nou yo, se pou nou swiv yo. Se mwen menm
Seyè a, se mwen menm k'ap fè nou sèvi m' nan tou sa
n'ap fè! 9 Depi yon moun bay manman l' osinon papa
l' madichon, se pou yo touye l'. Paske li madichonnen
manman l' ak papa l', se li menm sèl kab reskonsab lanmò
li. 10 Depi yon nonm fè adiltè ak madanm yon frè parèy
li, se pou yo touye yo, ni li ni madanm lan. 11 Depi yon
nonm kouche madanm papa l', li jete dezonè sou papa l'.
Se pou yo touye yo, ni li ni madanm lan. Lè konsa, se yo
menm sèl k'ap reskonsab lanmò yo. 12 Depi yon moun
kouche bèlfi li, se pou yo touye tou de. Sa yo fè a se yon
wont. Lè konsa, se yo menm sèl k'ap reskonsab lanmò
yo. 13 Depi yon nonm kouche yon nonm tankou li ta fè l'
ak yon fanm, sa yo fè la a se bagay Bondye pi pa vle we.
Se pou yo touye tou de. Lè konsa, se yo menm sèl k'ap
reskonsab lanmò yo. 14 Si yon nonm marye ak yon fi
ansanm ak manman fi a tou, se bagay ki sal nèt yo fè la
a. Se pou yo boule tou twa nan dife. Bagay konsa pa fèt
pou fèt nan mitan nou. 15 Si yon nonm kwaze ak yon
zannimo, se pou yo touye l', li menm ansanm ak zannimo
a. Wi, se pou yo touye yo. 16 Si yon fanm chache yon
jan pou li kwaze ak yon zannimo, se pou yo touye l', li
menm ansanm ak zannimo a. Wi, se pou yo touye yo.
Lè konsa, se yo menm sèl k'ap reskonsab lanmò yo. 17
Si yon nonm marye ak sè li, li te mèt pitit fi manman l'
osinon pitit fi papa l', si yo kouche yonn ak lòt, yo avili tèt
yo devan tout pèp Izrayèl la. Sa yo fè a se yon gwo wont.
Se pou yo chase yo nan mitan pèp la. Li te kouche sè li,
se pou li peye pou sa l' fè a. 18 Si yon nonm kouche yon
fanm ki gen règ li, se pou yo wete yo nan mitan pèp la. 19
Si yon nonm kouche matant li, matant bò papa l' osinon
matant bò manman l', li kouche pwòp fanmi l'. Se pou yo
fè tou de peye pou sa yo fè a. 20 Si yon nonm kouche
madanm tonton li, li jete dezonè sou tonton li. Lè konsa,
ni li, ni madanm lan, yo gen pou peye pou sa yo fè a. Y'a
mouri san fè pitit. 21 Si yon nonm marye ak madanm frè
li, sa l' fè a se yon bagay k'ap mete l' nan kondisyon li pa
ka sèvi Bondye, li jete dezonè sou frè li. Se poutèt sa, ni li
ni madanm lan va rete san fè pitit. 22 Seyè a di ankò: -Se
pou nou kenbe tout lòd mwen yo ak tout kòmandman

mwen ban nou yo, se pou nou swiv yo. Konsa, peyi kote
mwen pral mennen nou pou nou rete a p'ap voye nou jete
deyò. 23 Piga nou swiv move mès moun lòt nasyon mwen
te mete deyò pou nou te ka antre nan peyi a. Yo te ban
m' degoutans ak tout move bagay yo t'ap fè a. 24 Men,
mwen te pwomèt mwen t'ap ban nou peyi sa a pou peyi
pa nou. Se yon peyi kote lèt ak siwo myèl koule tankou
dlo. Wi, se mwen menm Seyè a, Bondye nou an, ki te
chwazi nou nan mitan tout pèp yo pou mete nou apa. 25
Se konsa, koulye a, piga nou mele zannimo nou gen dwa
manje ak zannimo nou pa gen dwa manje, zwazo nou
gen dwa manje ak zwazo nou pa gen dwa manje. Pa kite
ankenn zannimo ni ankenn zwazo nou pa gen dwa manje,
ni bèt k'ap trennen sou vant mwen menm mwen di ki pa
bon pou nou, mete nou nan kondisyon pou nou pa ka fè
sèvis mwen. 26 Se pou nou viv apa pou mwen, paske
mwen menm se yon Bondye apa mwen ye. Mwen menm
Seyè a, mwen mete nou apa nan mitan tout lòt pèp yo
pou nou ka pou mwen nèt. 27 Depi yon nonm osinon yon
fanm gen lespri yon mò sou li, osinon yon lòt lespri k'ap fè
l' fè divinò, se pou yo touye yo. Y'a touye yo ak kout wòch.
Lè konsa, se yo menm sèl k'ap reskonsab lanmò yo.

21 Seyè a di Moyiz konsa: -Pale ak pitit Arawon yo,
prèt yo. W'a di yo konsa: Lè yon prèt gen yon moun
mouri nan fanmi l', piga li patisipe nan ankenn seremoni
yo fè pou mò, pou sa pa mete l' nan kondisyon pou l' pa
ka fè sèvis Bondye, 2 esepte pou fanmi pre anpil tankou
manman, papa, pitit fi, pitit gason, frè. 3 Pou yon sè, si sè
a poko fè zafè, li gen dwa mete tèt li nan kondisyon pou l'
pa ka fè sèvis Bondye. 4 Yon prèt pa gen dwa mete tèt li
nan kondisyon pou l' pa ka fè sèvis Bondye lè se yon sè li
ki deja marye ki mouri. 5 Prèt yo pa gen dwa kale ankenn
pati nan tèt yo, ni yo pa gen dwa taye pwent bab yo, ni yo
pa gen dwa make kò yo avèk kouto, pou fè wè yo gen
moun mouri. 6 Se pou yo viv apa nèt pou Bondye yo. Yo
pa dwe derespekte non mwen. Paske se yo menm k'ap
mete nan dife ofrann yo fè pou Seyè a, se manje Bondye
y'ap ofri. Se pou yo toujou rete apa pou mwen. 7 Yon prèt
pa gen dwa marye ni ak yon fanm ki t'ap fè jennès, ni ak
yon fanm ki konn gason deja, ni ak yon fanm mari l' kite l',
paske yo mete yo apa pou fè sèvis mwen. 8 Tout moun
dwe konsidere prèt yo tankou moun yo mete apa pou
Bondye, paske se yo menm k'ap fè ofrann pou Bondye
nou an. Mwen menm Seyè a, mwen yon Bondye apa. Se
mwen k'ap fè nou viv apa pou mwen. Wi, se pou nou
konsidere prèt yo tankou moun yo mete apa pou Bondye.
9 Si pitit fi yon prèt tonbe nan fè jennès, l'ap avili papa l',
y'a boule l' nan dife pou touye l'. 10 Granprèt la, se chèf li
ye nan mitan tout prèt yo. Se moun yo te vide lwil sou tèt
li a, moun yo te mete apa pou mete rad prèt la sou li a. Li
pa fèt ni pou kite tèt li san penyen, ni pou l' chire rad sou li
lè li gen moun mouri. 11 Yo mete kouwòn mwen sou tèt li,
yo vide lwil sou tèt li pou mete l' apa pou mwen. Li pa fèt
pou l' fè bagay ki pou mete l' nan kondisyon pou li pa ka
fè sèvis Bondye, pou l' derespekte kay yo mete apa pou
Bondye a. 12 Li pa fèt pou l' kite kay Bondye a pou l' al
antre nan yon kay kote gen kadav moun mouri, menm si
se papa l' osinon manman l' ki mouri a. Se mwen menm
ki Seyè a! 13 Granprèt la va marye ak yon jenn fi ki tifi.
14 Li p'ap pran pou madanm yon fanm vèv, ni yon fanm
divòse, ni yon fanm ki konn gason deja, osinon yon fanm
ki t'ap fè jennès. Se sèlman yon jenn fi ki soti nan menm
branch fanmi avè l' pou li pran pou madanm. 15 Sinon,
pitit li yo va yon wont pou fanmi an. Se mwen menm,
Seyè a, ki mete li apa pou sèvis mwen. 16 Seyè a pale
ak Moyiz, li di l' konsa: 17 -Pale ak Arawon, w'a di li: Si
gen yon moun nan fanmi ou ki gen yon enfimite, li p'ap
janm ka pwoche pou l' fè ofrann manje pou Bondye li.
Regleman sa a ou fèt pou swiv li tout tan de pitit an pitit.
18 Ankenn gason enfim pa gen dwa prezante ofrann bay
Bondye, kit li avèg, kit li bwete, kit li domaje nan figi, kit li
difòm, 19 kit li enfim nan men osinon nan pye, 20 kit li
gen boul nan do, kit li rachitik, kit li malad nan je, kit li
gen maladi po, kit grenn li kraze. 21 Depi yon gason nan
ras prèt Arawon an enfim yon kote nan kò li, li p'ap ka
pwoche pou fè ofrann pou boule nan dife pou Seyè a. Wi,
si li gen yon enfimite, li p'ap ka pwoche devan Bondye
pou fè ofrann pou li. 22 Yon nonm konsa ka toujou manje
nan manje yo ofri ban mwen, kit se nan manje yo ofri
m' lan osinon nan manje yo mete apa pou mwen an. 23
Men, li pa gen dwa pwoche bò rido a ni vin bò lotèl la
paske li enfim nan kò l'. Li pa fèt pou derespekte bagay ki
apa pou mwen yo paske se mwen menm Seyè a ki mete
yo apa pou mwen. 24 Se konsa, Moyiz pale ak Arawon,
ak pitit gason l' yo ansanm ak tout moun pèp Izrayèl yo, li
di yo tou sa.

22 Seyè a pale ak Moyiz, li di li: 2 -Men sa w'a di
Arawon ak pitit gason l' yo. Se pou yo konnen ki jan
pou yo sèvi ak sa moun pèp Izrayèl yo ofri m', ofrann
yo mete apa pou mwen, pou yo pa derespekte non m'.
Se mwen menm ki Seyè a. 3 W'a di yo pou mwen: Lè
yon gason nan fanmi nou pa nan kondisyon pou fè sèvis
mwen, si li pwoche bò kote ofrann moun pèp Izrayèl yo
mete apa pou mwen, piga yo janm kite l' parèt devan m'
ankò! Se mwen menm ki Seyè a. 4 Si yon gason nan
branch fanmi Arawon an gen yon move maladi po osinon
ekoulman, li p'ap ka manje nan ofrann yo mete apa pou
Bondye toutotan li pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye
ankò. Konsa tou, si yon prèt manyen yon kadav, osinon
yon nonm ki gen ekoulman, li pa nan kondisyon pou l'
fè sèvis Bondye a. 5 Ou ankò si yon prèt manyen yonn
nan bèt k'ap trennen sou vant yo, bèt ki ka mete l' nan
kondisyon pou l' pa kapab fè sèvis Bondye, ou ankò si li
manyen yon moun ki deja nan kondisyon sa a pou tèt
pa l', prèt la tou pa ka fè sèvis Bondye. 6 L'a rete nan
kondisyon sa a jouk aswè, lèfini tou li p'ap ka manje nan
ofrann yo mete apa pou Bondye yo. Se pou li pran yon
bon beny nan dlo anvan. 7 Apre solèy kouche, l'a nan
kondisyon pou l' fè sèvis Bondye. Se lè sa a l'a ka manje

nan ofrann yo mete apa pou Bondye a, paske se sa ki
manje l'. 8 Li pa gen dwa manje ni vyann bèt ki mouri mò
natirèl, ni vyann bèt bèt nan bwa touye. Bagay konsa ap
mete l' nan kondisyon pou li pa kapab fè sèvis Bondye.
Se mwen menm ki Seyè a! 9 Se pou tout prèt yo swiv
regleman mwen bay yo. Si yo pa swiv yo, y'a koupab, epi
y'ap mouri paske yo pa respekte lòd Bondye menm te bay
yo. Se mwen menm ki Seyè a, se mwen menm ki mete yo
apa pou yo viv apa pou mwen. 10 Depi yon moun pa fè
pati fanmi prèt yo, li te mèt yon moun ki rete lakay yon
prèt osinon yon moun k'ap travay pou lajan l' lakay prèt la,
li pa gen dwa manje nan ofrann yo mete apa pou Bondye
yo. 11 Men, esklav yon prèt, kit se achte li te achte l', kit li
te fèt lakay li, gen dwa manje nan manje prèt la resevwa
a. 12 Si pitit fi yon prèt marye ak yon nonm ki pa prèt, li
p'ap ka manje anyen nan ofrann yo fè pou Bondye yo. 13
Men, si pitit fi a vèv osinon si li divòse, si li pa gen pitit
epi li tounen kay papa l' sou kont papa l', l'a ka manje
nan manje papa l'. Men, moun ki pa fè pati fanmi prèt
yo pa gen dwa manje anyen ladan l'. 14 Si yon moun ki
pa fè pati fanmi prèt yo manje nan manje yo mete apa
pou Bondye a san li pa konnen, li gen pou l' renmèt sa l'
manje a plis ven pou san valè bagay la. 15 Prèt yo pa gen
dwa kite moun ki pa fè pati fanmi yo derespekte manje yo
mete apa pou Bondye. 16 Si yo kite sa rive, moun lan va
antò, l'ap peye pou sa. Se mwen menm ki Seyè a. Se
mwen menm ki mete ofrann yo apa pou mwen. 17 Seyè a
pale ak Moyiz, li di l' konsa: 18 -Pale ak Arawon ak pitit
gason l' yo ak tout moun pèp Izrayèl la. Men sa w'a di yo:
Lè yon moun nan pèp Izrayèl la, osinon yon moun lòt
nasyon k'ap viv nan peyi a fè ofrann pou boule pou Seyè
a, kit se paske li te fè yon ve, kit se paske li menm li fè
lide fè ofrann lan, 19 se pou l' chwazi yon towo bèf, yon
belye osinon yon bouk kabrit san ankenn enfimite si li vle
pou m' asepte ofrann lan. 20 Si nou ofri yon bèt ki gen
nenpòt enfimite, Seyè a p'ap asepte l' nan men nou. 21
Lè yon moun ap fè ofrann pou di Bondye mèsi, kit se
paske li te fè yon ve, kit se paske li menm li vle fè ofrann
lan, se pou bèt l'ap ofri a, li te mèt gwo bèt, li te mèt ti bèt,
pa gen ankenn enfimite, si li vle pou m' asepte l'. 22 Piga
nou janm ofri bay Seyè a bèt je pete, bèt k'ap bwete, bèt
ki pèdi janm, bèt ki gen malenng, bèt ki gen maladi po.
Piga nou janm pran yon bèt konsa pou nou mete sou lotèl
la pou nou boule nan dife pou Seyè a. 23 Lè nou menm
nou fè lide fè yon ofrann pou Seyè a, nou ka ofri yon towo
bèf osinon yon belye ki difòm osinon ki kata. Men, nou pa
ka sèvi ak yo pou yon ofrann n'ap fè paske nou te fè yon
ve. Mwen p'ap asepte l'. 24 Pa ofri bay Seyè a yon mal
bèt ki gen grenn li yo foule, kraze, rache, osinon koupe.
Nou pa gen dwa ofri bèt konsa nan peyi nou an. 25 Piga
nou pran bèt moun lòt nasyon fè nou kado pou n' ofri
bay Seyè a. Paske bèt konsa pa antye, yo manke kichòy
nan kò yo. Seyè a p'ap asepte yo nan men nou. 26 Seyè
a pale ak Moyiz, li di l' konsa: 27 -Lè yon ti bèf, yon ti
mouton osinon yon ti kabrit fenk fèt, se pou nou kite l'
dèyè manman l' pandan sèt jou. Depi sou wityèm jou a,
nou gen dwa ofri l' pou boule nan dife pou Seyè a. 28 Kit
se bèf, kit se mouton, pa janm ofri yon bèt ansanm ak
pitit li menm jou a. 29 Lè n'ap fè ofrann pou di Bondye
mèsi, se pou nou swiv tout regleman yo si nou vle Seyè a
asepte ofrann lan nan men nou. 30 Se pou nou manje l'
menm jou a. Pa kite anyen pou denmen maten. Se mwen
menm ki Seyè a! 31 Se pou nou fè tou sa mwen ban nou
lòd fè. Wi, se pou nou swiv lòd mwen yo. Se mwen menm
ki Seyè a! 32 Piga nou derespekte non mwen. Se pou tout
moun pèp Izrayèl la respekte m'. Se mwen menm ki Seyè
a, se mwen menm ki mete nou apa pou nou viv apa pou
mwen. 33 Se mwen menm ki te fè nou soti kite peyi Lejip
pou m' te ka Bondye nou. Se mwen menm ki Seyè a!

23 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: 2 -Pale ak moun
pèp Izrayèl yo. W'a di yo pou mwen: Men jou pou
nou mande pèp la pou li reyini pou fè fèt pou Seyè a. Men
lè pou nou fè fèt pou mwen. 3 Chak senmenn nou gen sis
jou pou n' fè travay nou. Men, setyèm jou a se jou repo.
Jou sa a, piga nou fè ankenn travay. Se jou n'a reyini pou
n' fè sèvis pou Bondye. Jou repo a se pou Seyè a li ye.
Nenpòt kote nou rete jou sa a, piga nou fè ankenn travay
lakay nou. 4 Men jou pou nou fè fèt pou Seyè a, jou pou
nou mande pèp la pou li reyini pou fè fèt pou Seyè a.
Men dat pou nou reyini pèp la pou fèt yo: 5 N'a fete fèt
Delivrans lan pou Seyè a chak lanne, nan katòzyèm jou
premye mwa a. N'a konmanse fèt la lè solèy fin kouche. 6
Sou kenzyèm jou premye mwa a, n'a konmanse fèt pen
san ledven yo. Pandan sèt jou, n'a manje pen ki fèt san
ledven. 7 Premye jou a, n'a reyini tout pèp la pou n' fè
sèvis pou Bondye. Nou p'ap fè ankenn gwo travay jou sa
a. 8 Pandan sèt jou n'a boule ofrann nan dife pou Seyè a.
Sou setyèm jou a, n'a reyini tout pèp la ankò pou n' adore
Seyè a. Jou sa a, nou p'ap fè ankenn gwo travay non plis.
9 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: 10 -Pale ak moun
pèp Izrayèl yo. Men sa pou ou di yo. Lè n'a antre nan peyi
m'ap ban nou an, lè n'a fin ranmase premye rekòt grenn
nan jaden nou, n'a pran premye makout la, n'a pote l' bay
prèt la. 11 Prèt la va balanse l' devan Seyè a tankou yon
ofrann espesyal, pou Seyè a ka asepte resevwa nou. Prèt
la va fè ofrann lan jou ki vini apre jou repo a. 12 Jou n'ap
fè ofrann premye makout rekòt la, n'a pran yon ti belye ki
pa gen ankenn enfimite epi ki poko gen ennan, n'a boule
l' nèt pou Seyè a. 13 N'a ofri ansanm avè l' tou katòz
ti mamit farin frans melanje ak lwil oliv pou nou boule
nan dife pou Seyè a. Bon sant ofrann lan va fè Seyè a
plezi. N'a ofri tou yon boutèy ka diven pou yo vide pou
Seyè a. 14 Piga nou pran nan grenn nou fèk rekòlte yo ni
pou nou manje kri, ni pou nou griye, ni pou nou fè pen,
toutotan nou pa pote ofrann premye grenn yo bay Seyè a.
Se va yon regleman pou nou swiv tout tan, de pitit an
pitit, kote nou pase. 15 N'a konte sèt semèn antye, depi
jou nou te pote premye makout rekòt la ofri bay Seyè
a, apre jou repo a. 16 Wi, n'a konte senkant jou. Sa va
mennen nou sou jou ki vini apre setyèm jou repo a. N'a fè

yon lòt ofrann grenn jaden bay Seyè a. **17** Chak fanmi
va soti lakay yo ak de gwo pen pou yo ofri bay Seyè a.
Chak pen va fèt ak de liv farin kwit ak ledven. Y'a ofri yo
bay Seyè a tankou ofrann premye grenn yo rekòlte. **18**
Ansanm ak pen yo, pèp la va ofri sèt ti mouton ki poko
gen ennan, yon jenn ti towo bèf ak de belye. Fòk tout bèt
sa yo pa gen ankenn enfimite. Y'a boule yo nèt nan dife
pou Seyè a, ansanm ak ofrann grenn jaden yo ak ofrann
diven an. Bon sant ofrann sa a va fè Seyè a plezi. **19** N'a
touye tou yon bouk ki va sèvi ofrann pou peye pou tou sa
nou fè ki mal, ak de ti mouton ki poko gen ennan ki va
sèvi ofrann pou di Bondye mèsi. **20** Prèt la va balanse
pen yo ansanm ak de ti mouton yo tankou yon ofrann
espesyal devan Seyè a. Ofrann sa yo se bagay ki apa nèt
pou Seyè a. Se pou prèt yo yo ye. **21** Jou sa a, n'a reyini
pèp la pou l' adore Bondye. Pesonn p'ap fè gwo travay.
Sa se regleman pou nou swiv tout tan, de pitit an pitit,
kote nou pase. **22** Lè n'ap fè rekòt nan jaden nou, se pa
pou nou ranmase grenn ki toupre lizyè jaden an, ni nou
pa bezwen tounen dèyè pou ranmase grenn ki te tonbe
atè. W'a kite yo pou moun peyi a ki pa genyen ak pou
moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou. Se mwen menm
ki Seyè a, Bondye nou an! **23** Seyè a pale ak Moyiz, li di l'
konsa: **24** -Pale ak moun pèp Izrayèl yo. Men sa pou ou
di yo: Premye jou setyèm mwa a va yon gwo jou repo pou
nou. Jou sa a n'a kònen twonpèt pou fè moun yo chonje
se jou pou yo reyini pou adore Bondye. **25** Piga nou fè
gwo travay. N'a fè ofrann pou yo boule nan dife pou Seyè
a. **26** Seyè a pale ak Moyiz, li di l': **27** -Dizyèm jou sètyèm
mwa sa a, se gran jou padon an li ye. N'a reyini tout moun
pou n' adore Bondye. N'a fè jèn epi n'a fè ofrann pou yo
boule nan dife devan Seyè a. **28** Jou sa a, nou p'ap travay
menm, paske se gran jou padon an, jou pou nou fè sèvis
pou Seyè a, Bondye nou an, pou nou mande l' fè nou
gras. **29** Si yon moun mete anyen nan bouch li jou sa a,
y'ap wete l' nan mitan pèp li a. **30** Si yon moun travay jou
sa a, se mwen menm, Seyè a, k'ap touye l'. **31** Nou pa
pou fè anyen jou sa a. Sa se regleman pou nou swiv tout
tan, de pitit an pitit, kote nou pase. **32** Se va yon gwo jou
repo, jou nou p'ap fè ankenn travay. Depi lè solèy kouche
nan nevyèm jou mwa a jouk lè li kouche ankò dizyèm jou
a, n'a rete san manje. **33** Seyè a pale ak Moyiz, li di l': **34**
-Pale ak moun pèp Izrayèl yo, w'a di yo konsa: N'a fete fèt
joupa yo pandan sèt jou. N'a konmanse sou kenzyèm jou
setyèm mwa a. **35** Premye jou a, n'a reyini tout moun pou
adore Bondye. Pesonn p'ap fè gwo travay jou sa a. **36**
Chak jou, pandan sèt jou, n'a boule ofrann nan dife pou
Seyè a. Sou wityèm jou a, n'a reyini moun yo ankò pou
adore Bondye, epi n'a boule ofrann nan dife pou Seyè a.
Se va yon jou pou adore Bondye. Jou sa a, piga nou fè
gwo travay. **37** Men fèt pou nou fete pou Seyè a. Men jou
n'a reyini tout moun pou yo fè sèvis pou Bondye. Men
ofrann pou nou boule nan dife pou Seyè a, se ka bèt pou
nou boule nèt, se ka ofrann grenn jaden, se ka bèt pou
nou touye, se ka ofrann diven. Chak jou fèt gen ofrann pa
li. **38** Apa tout jou repo Seyè yo, n'a fete fèt sa yo tou.
Apa kado pou nou fè nòmalman, apa ofrann n'ap fè paske
nou te fè ve, apa ofrann n'ap fè pou Seyè a paske nou te
vle fè l', n'a fè ofrann sa yo. **39** Sou kenzyèm jou setyèm
mwa a, n'a fè fèt pou Seyè a pandan sèt jou, apre n'a fin
rekòlte jaden nou yo. Premye jou a ak wityèm jou a va
de gwo jou repo. **40** Premye jou a, n'a keyi pi bon fwi
nan pye sitwon nou yo, n'a koupe fèy nan pye dat nou yo
ak branch nan pye jasmen ak pye sikren, n'a fè kè nou
kontan devan Seyè a, Bondye nou an, pandan sèt jou. **41**
Chak lanne, pandan sèt jou nan setyèm mwa a, n'a fete
fèt sa a pou mwen menm, Seyè a, Bondye nou an. Sa se
yon regleman pou nou swiv tout tan, de pitit an pitit. **42**
Pandan sèt jou tout moun pèp Izrayèl yo va rete anba
joupa. Wi, n'a rete anba joupa pandan sèt jou. **43** Konsa,
pitit pitit nou yo va konnen mwen menm, Seyè a, mwen te
fè pèp Izrayèl rete anba joupa lè mwen te fè yo soti kite
peyi Lejip la. Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an!
44 Se konsa Moyiz te bay moun pèp Izrayèl yo tout kalite
fèt pou yo fete pou Seyè a.

24 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **2** -Bay moun
pèp Izrayèl yo lòd pou yo fè ou jwenn bon lwil fèt
ak grenn oliv kraze pou gwo lanp sèt branch ki nan Tant
Randevou a, pou lanp yo toujou ka rete limen. **3** Chak
aswè, Arawon va limen yo, l'a veye pou yo toujou rete
limen jouk denmen maten devan Seyè a, sou deyò rido ki
devan Bwat Kontra a nan Tant Randevou a. Sa se yon
regleman pou yo kenbe pou tout tan, de pitit an pitit. **4**
Arawon va pran swen tout ti lanp ki sou gwo lanp sèt
branch an lò a. L'a veye pou yo toujou rete limen devan
Seyè a. **5** W'a pran vennkat liv farin frans, w'a fè douz
pen. Chak pen va fèt ak de liv farin. **6** W'a mete pen yo
sou de ran sou tab lò ki devan Seyè a, sis pen nan chak
ran. **7** Apre sa, w'a pran lansan bon kalite, w'a mete sou
chak ran pen yo. Se lansan sa a w'a ofri nan dife bay
Seyè a tankou si se te pen yo menm ou te ofri. **8** Se
pou moun pèp Izrayèl yo pote pen chak jou repo, pou yo
ofri bay Seyè a. Se bagay pou yo toujou fè dapre kontra
Bondye a ki p'ap janm kase. **9** Se pou Arawon ak pitit
gason l' yo pen yo va ye. Y'a manje yo yon kote ki apa
pou Seyè a, paske se yon pòsyon ki apa nèt pou Bondye
nan manje yo ofri pou boule nan dife pou Seyè a. Se yon
regleman ki la pou tout tan tout tan. **10** Vwala te gen yon
nonm, manman l' te moun pèp Izrayèl, men papa l' te
moun peyi Lejip. Msye vin rive nan mitan pèp la, epi li
pete yon kont nan kan an avèk yon moun pèp Izrayèl la.
11 Manman nonm lan te rele Chelomit. Se te pitit fi Dibri,
yon moun nan branch fanmi Dann lan. Pandan yo t'ap
joure a, nonm lan nonmen non Bondye mal. Nan koze a,
li derespekte Bondye. Se konsa yo pran l' mennen bay
Moyiz. **12** Yo mete msye yon kote ak moun pou veye l',
pandan Moyiz menm t'ap tann Seyè a vin di l' sa pou l' fè.
13 Seyè a di Moyiz konsa: **14** -Mennen nonm lan lòt bò
limit kan an. Fè tout moun ki te tande l' lè li t'ap derespekte
Bondye a mete men yo sou tèt li. Konsa, y'a ba l' pote

reskonsablite sa l' fè a, epi tout pèp la va kalonnen msye
wòch jouk li mouri. 15 Apre sa, w'a pale ak moun pèp
Izrayèl yo, w'a di yo: Lè yon moun derespekte Bondye, se
pou l' peye pou sa l' fè a. 16 Se pou yo touye l'. Wi, si yon
moun peyi a osinon yon moun lòt nasyon k'ap viv nan
mitan nou derespekte Bondye, se pou yo touye l'. Tout
moun nan peyi a va kalonnen l' wòch jouk li mouri. 17
Depi yon moun touye yon lòt, se pou yo touye l' tou. 18 Si
yon moun touye yon bèt ki pa pou li, se pou l' renmèt
li. Prensip la vle kou pou kou, lavi pou lavi. 19 Si ou fè
yon moun menm peyi avè ou mal, se pou yo fè ou menm
bagay la tou. 20 Si ou kase yon zo nan kò l', y'a kase yon
zo nan kò pa ou tou. Si ou pete yon grenn je l', y'a pete
yon grenn je pa ou tou. Si ou kase yon dan nan bouch li,
y'a kase yon dan nan bouch pa ou tou. Sa ou fè lòt la, se
sa y'a fè ou tou. 21 Si ou touye yon bèt ki pa pou ou, se
pou ou renmèt li. Men, si se yon moun ou touye, y'ap
touye ou tou. 22 Menm jijman sa a va pou tout moun k'ap
viv nan peyi a, kit se yon moun peyi a ki menm ras avè ou,
kit se yon moun lòt nasyon, paske se mwen menm Seyè
a ki Bondye nou an. 23 Moyiz pale ak moun pèp Izrayèl
yo, epi yo pran nonm ki te nonmen non Bondye a mal la,
yo mennen l' andeyò lòt bò limit kote tout moun rete a, epi
yo kalonnen l' wòch jouk yo touye l'. Se konsa moun pèp
Izrayèl yo te fè tou sa Seyè a te bay Moyiz lòd fè a.

25 Seyè a pale ak Moyiz sou mòn Sinayi a, li di l'
konsa: 2 -Pale ak moun pèp Izrayèl yo, w'a di yo
pou mwen: Lè n'a antre nan peyi m'ap ban nou an, n'a
bay tè a yon repo pou Seyè a. 3 Pandan sizan n'a plante
jaden nou, n'a taye pye rezen nou yo, epi n'a ranmase
rekòt pandan sizan. 4 Men, setyèm lanne a n'a kite tè a
poze nèt. Se va yon gwo lanne repo pou tè a. Se va yon
lanne n'a kite tè a pran repo pou Seyè a. Nou p'ap simen
anyen nan jaden nou, ni nou p'ap taye pye rezen nou yo.
5 Piga nou ranmase grenn ki pouse konsa nan jaden nou
pou nou vann. Ni piga nou keyi rezen ki donnen nan pye
rezen nou pa t' taye pou nou vann. Se va yon lanne repo
nèt pou te a. 6 Pandan tout lanne a tè a va rete san nou
pa travay li. Men, sa l'a bay la va sèvi manje pou nou ak
pou tout moun k'ap viv lakay nou, pou moun lòt nasyon ki
fè ladesant lakay nou. 7 Bèt domestik nou yo ak bèt bwa
ki nan peyi a va manje nan sa tè a bay la tou. 8 N'a konte
sèt lanne Repo, ki vle di sèt fwa sèt lanne, sa va ban nou
karantnèf lanne. 9 Sou dizyèm jou setyèm mwa a ki jou
pou n' mande Bondye gras la, n'a fè kònen twonpèt nan
tout peyi a. 10 N'a mete senkantyèm lanne sa a apa pou
Bondye, epi n'a bay lòd pou yo bay tout moun ki esklav
nan peyi a libète yo pou tout lanne a. Se va yon lanne
rejwisans pou tout moun. Lanne sa a, tou sa yo te vann
anvan ap tounen pou ansyen mèt yo ankò osinon pou
eritye yo. Tout moun ki te esklav ap tounen lib lakay yo.
11 Senkantyèm lanne sa a va yon lanne rejwisans pou
tout moun: Nou p'ap simen anyen nan jaden nou yo, ni
nou p'ap ranmase grenn ki pouse konsa nan jaden nou yo
pou nou vann, ni nou p'ap keyi rezen ki donnen nan pye
rezen nou pa t' taye pou nou vann. 12 Paske se va yon
lanne rejwisans, se va yon lanne n'a mete apa nèt pou
Seyè a. Men n'a manje tou sa jaden nou pa t' plante yo
bay. 13 Nan lanne rejwisans sa a, tout tè ki te vann ap
tounen pou ansyen mèt yo ankò. 14 Konsa, si n'ap vann
yon moun pèp Izrayèl parèy nou yon tè osinon si n'ap
achte tè nan men l', piga nou fè koutay yonn sou do lòt.
15 Lè n'ap achte yon tè osinon lè w'ap vann yon tè, se pou
nou kalkile pri a sou kantite lanne tè a ka travay anvan
lanne rejwisans k'ap vini an rive. 16 Plis gen lanne anvan
lanne rejwisans lan rive, se plis pri a va pi wo. Mwens gen
lanne, se plis pri a va pi ba, paske se kantite lanne rekòt
tè a ka bay la n'ap vann osinon n'ap achte. 17 Pa fè lajan
sou do moun pèp Izrayèl parèy nou. Men, se pou nou gen
krentif pou Bondye nou, paske se mwen menm ki Seyè a,
Bondye nou an. 18 Se pou nou swiv lòd mwen ban nou
yo, se pou nou kenbe tout kòmandman m' yo. Se pou
nou swiv yo, se konsa n'a kapab viv nan peyi a san nou
pa bezwen pè anyen. 19 Tè a va bay rekòt li, n'a manje
kont nou, epi n'a viv nan peyi a ak kè poze. 20 Men, gen
moun ki va mande kisa y'a manje setyèm lanne a si yo pa
plante, si yo pa ranmase rekòt. 21 Mwen menm, Seyè a,
m'a voye benediksyon m' sou tè a pandan sizyèm lanne a
pou l' ka donnen rekòt kantite pou twazan. 22 Konsa, lè
wityèm lanne a va rive pou nou plante jaden nou yo, n'a
jwenn manje toujou nan ansyen rekòt sizyèm lanne a. N'a
gen kont pou nou manje jouk nevyèm lanne a rivè, lè n'a
gen pou n' ranmase rekòt wityèm lanne sa a. 23 Yon tè
pa fèt pou vann pou tout tan, paske tè a pa pou nou, se
pou mwen li ye. Nou menm, nou tankou moun lòt peyi ki
rete lakay mwen: mwen ban nou dwa sèvi sou tè a. 24 Lè
n'ap achte yon tè nan peyi nou an, se pou nou rekonèt
dwa ansyen mèt tè a genyen pou l' reachte tè a ankò. 25
Lè yon moun pèp Izrayèl parèy nou vin nan nesesite, epi
li blije vann pòsyon tè ki pou li a, fanmi ki pi pre l' la va
reachte tè li te vann lan, paske se li ki gen dwa fè sa. 26
Men, si yon nonm pa gen fanmi pre pou reachte tè a, epi
apre kèk tan zafè l' vin bon ankò, l'a reachte tè a lè l'a
gen kont lajan pou sa. 27 L'a kalkile depi ki tan li te vann
tè a, epi l'a renmèt moun ki te achte tè a nan men l' lan
lajan ki koresponn ak kantite lanne ki rete anvan lanne
rejwisans k'ap vini an, epi l'a reprann tè li. 28 Men, si li
pa gen kont kòb pou reachte tè a, tè a va rete nan men
moun ki te achte l' la jouk lanne rejwisans k'ap vini an. Lè
sa a, tè a va tounen nan men ansyen mèt li ankò. 29 Si
yon nonm vann yon kay ki nan yon bouk ki gen ranpa,
li gen yon lanne delè, depi dat li te vann kay la, pou l'
reachte l' ankò. Pase yon lanne, li pèdi dwa a. 30 Si li
kite tout lanne a pase san li pa reachte kay la, kay la ap
rete pou moun ki te achte l' la ak pou pitit pitit li yo. Yo
p'ap renmèt li kay la lè lanne rejwisans la rive. 31 Men,
kay ki nan bouk kote ki pa gen ranpa, y'ap konsidere yo
menm jan ak yon jaden. Ansyen mèt la gen dwa reachte l'
ankò. Men, tout jan se pou yo renmèt li kay la, lè lanne

rejwisans lan rive. **32** Moun Levi yo menm ap gen lavil pa
yo apa. Yon moun Levi ap toujou gen dwa reachte kay ki
te pou li nenpòt kilè. **33** Si yon moun Levi rive vann yon
kay ki nan lavil moun Levi yo, epi li pa reachte l', se pou
yo renmèt li kay la lè lanne rejwisans lan rive, paske lè
yon moun Levi gen yon kay nan mitan pèp la, kay la pou li
nèt. **34** Konsa tou, pou jaden ki tout arebò lavil moun Levi
yo, yo pa gen dwa vann li, paske se pou yo li ye pou tout
tan. **35** Si yon moun pèp Izrayèl parèy nou k'ap viv toupre
lakay nou vin nan nesesite, epi li tonbe nan malsite, se
pou nou lonje men ba li tankou nou ta dwe fè l' pou yon
moun lòt nasyon k'ap travay lakay nou osinon ki vin fè
ladesant lakay nou. Konsa, l'a toujou ka viv bò kote nou.
36 Pa fè l' peye ankenn enterè, pa ba l' ponya. Gen krentif
pou Bondye. Bay moun pèp Izrayèl parèy nou an yon
chans pou l' viv tou. **37** Piga nou mande l' enterè sou lajan
nou prete l'. Piga nou ba l' ponya pou manje nou vann li.
38 Se mwen menm Seyè a, Bondye nou an. Se mwen
menm ki te fè nou soti kite peyi Lejip pou m' te ka ban
nou peyi Kanaran an epitou pou m' te ka Bondye nou. **39**
Si yon moun pèp Izrayèl parèy nou k'ap viv toupre lakay
nou vin nan nesesite, epi li vann tèt li ban nou pou li sèvi
nou esklav, piga nou fè l' fè travay yon domestik. **40** L'ap
rete lakay nou tankou moun lòt nasyon yo k'ap travay pou
lajan lakay nou. L'a sèvi nou jouk lanne rejwisans k'ap vini
an. **41** Lè sa a, li menm ak tout pitit li yo, y'a kite lakay
nou, y'a tounen al jwenn fanmi yo, epi y'a renmèt yo tè
zansèt yo te kite pou yo a. **42** Paske se esklav mwen nou
ye, se mwen menm ki te fè nou soti kite peyi Lejip. Yo
pa gen dwa vann nou pou fè nou sèvi esklav lòt moun.
43 Piga nou aji mal ak moun pèp Izrayèl parèy nou yo.
Se pou nou gen krentif pou Bondye nou an. **44** Lè n'a
bezwen gason osinon fi pou sèvi esklav lakay nou, nou ka
achte yo nan moun lòt nasyon k'ap viv lòt bò fwontyè peyi
nou an. **45** Nou ka achte pitit moun lòt nasyon k'ap viv
nan mitan nou tou. Konsa tou, lè yo rete lakay nou, si yo
fè pitit sou tè ki pou nou, pitit yo va pou nou tou. **46** N'a
kite yo tankou byen pou pitit nou yo. Y'a sèvi yo jouk yo
mouri. Nou pa dwe maltrete moun pèp Izrayèl parèy nou.
Men, se pou nou aji avèk yo tankou frè ak frè. **47** Sipoze
yon moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou nan peyi a
vin gen anpil mwayen epi yon moun pèp Izrayèl parèy nou
k'ap viv lakay nou, osinon pre kay moun lòt nasyon an,
vin nan nesesite epi l al vann tèt li bay moun lòt nasyon
an, osinon bay yonn nan fanmi moun lòt nasyon an pou li
sèvi l' esklav. **48** Apre li vann tèt li a, l'a toujou gen avantaj
moun ka reachte l' pou ba li libète l'. Se bagay yonn nan
frè li yo, **49** osinon tonton l', osinon pitit gason tonton l' yo,
osinon yonn nan fanmi pre li yo ka fè pou li. Si li menm li
vin gen mwayen, li ka reachte tèt li tou. **50** Dakò ak moun
ki te achte l' la, se pou l' konte konbe lanne ki gen depi
lanne li te vann tèt li bay moun lan jouk lanne rejwisans
k'ap vini an. Lè sa a, l'a kalkile lajan pou l' bay la sou
kantite lanne l'a jwenn lan, epi sou pri yo peye lè konsa
pou yon moun k'ap travay pou lajan lakay moun. **51** Lè
gen anpil lanne ki rete, l'a kalkile sou yo pou l' konnen
valè lajan pou l' renmèt pou l' ka reachte tèt li. **52** Men, si
pa gen lanne ki rete anvan lanne rejwisans lan, y'a kalkile
ansanm, epi l'a renmèt li lajan dapre kantite lanne ki rete
a pou l' ka reachte tèt li. **53** Paske l'ap travay ak moun
lan tankou domestik k'ap travay pou lajan pa an, ou pa
fèt pou kite moun lan maltrete li. **54** Si li pa reachte tèt
li konsa, lè lanne rejwisans lan rive, ni li menm, ni pitit
gason l' yo va lib ankò. Epi y'a kite kay moun lan. **55** Se
pou nou swiv regleman sa yo, paske se esklav pa m'
moun pèp Izrayèl yo ye. Yo se esklav mwen te fè soti kite
peyi Lejip. Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an.

26 Seyè a di: -Nou pa gen dwa fè zidòl, nou pa gen
dwa fè estati, ni mete wòch kanpe. Nou pa gen dwa
pran wòch pou fè desen sou li, lèfini pou n' mete l' kanpe
yon kote nan peyi a pou nou adore yo. Se mwen menm ki
Seyè a, Bondye nou an. **2** Se pou nou fete tout fèt mwen
yo. Se pou nou respekte kay ki apa pou mwen an. Se
mwen menm ki Seyè a! **3** Si nou mache dapre lòd mwen
yo, si nou kenbe tout kòmandman m' yo, si nou swiv yo, **4**
lè sezon an rive, m'a ban nou lapli. Konsa, tè nou va bay
rekòt, pyebwa nan jaden nou va donnen. **5** Lè sa a, nou
p'ap anko fin bat ble, n'ap gen tan nan keyi rezen. Nou
p'ap ankò fin keyi rezen, n'ap gen tan nan plante grenn.
N'a gen kont manje pou nou manje, epi n'a rete nan peyi
nou an san nou pa bezwen pè anyen. **6** M'a mete kè poze
nan peyi a, n'a kouche dòmi san kè sote. M'ap fè tout bèt
mawon disparèt nan peyi a, moun p'ap vin fè nou lagè
ankò. **7** N'a kouri dèyè lènmi nou yo, n'a bat yo, n'a kraze
yo ak nepe nou. **8** Senk moun nan mitan nou va kont pou
bat san lènmi, san moun nan mitan nou va kont pou bat
mil lènmi. N'a kraze lènmi nou yo anba kout nepe nou yo.
9 M'a beni nou, m'a ban nou pitit, m'a ban nou anpil pitit.
Mwen menm, m'a kenbe kontra mwen te siyen ak nou an.
10 N'a sitèlman fè bèl rekòt, apre nou fin manje pandan
ennan, n'a setoblije mete rès grenn dènye rekòt la deyò
pou nou fè plas pou rekòt k'ap vin apre a. **11** M'ap rete
nan mitan nou nan kay mwen an, m'ap toujou kontan ak
nou. **12** M'a toujou la nan mitan nou, se mwen menm k'ap
Bondye nou, se pèp mwen n'a ye. **13** Se mwen menm,
Seyè a, Bondye nou an, ki te fè nou soti kite peyi Lejip
pou nou pa t' rete esklav moun sa yo ankò. Mwen kase
gwo kòd lwijanboje ki t'ap jouke nou an, mwen fè nou
mache tèt anlè. **14** Men tou, si nou pa koute m', si nou pa
vle fè tou sa m' mande nou fè la a, m'ap peni nou. **15** Si
nou meprize lòd mwen yo, si nou voye kòmandman mwen
yo jete, si nou pa fè tou sa mwen mande nou fè, si nou pa
kenbe kontra m' pase ak nou an, **16** men ki jan m'ap peni
nou: M'ap voye gwo malè sou nou. Maladi ap mennen
nou. Lafyèb ap fè nou deperi. Nou p'ap ka wè nan je nou,
n'ap pèdi souf nou. Nou va simen grenn nan jaden nou.
Men, sa p'ap sèvi nou anyen, paske se lènmi nou yo ki va
jwi rekòt nou yo. **17** M'a vire do ban nou, epi lènmi nou va
bat nou. Moun ki pa vle wè nou yo va donminen sou nou.
N'a rete konsa, n'a pran kouri san pa gen pesonn k'ap

kouri dèyè nou. **18** Si, atousa toujou, nou pa koute m',
m'ap peni nou sèt fwa pi rèd pase anvan poutèt peche
nou yo. **19** Pouvwa nou genyen an epi k'ap fè nou gonfle
konsa a, m'ap kraze l' nèt. Pa yon ti degout lapli p'ap
tonbe sot nan syel la, tè a ap vin di kou wòch. **20** N'a
kraze kouraj nou travay di, men sa p'ap sèvi nou anyen:
tè jaden nou yo p'ap bay anyen ankò, pyebwa yo p'ap
donnen menm. **21** Si, apre sa, nou vle kenbe tèt ak mwen
toujou, si nou derefize koute m', mwen menm tou m'ap
peni nou sèt fwa pi rèd toujou pase anvan poutèt peche
nou yo. **22** M'a lage bèt nan bwa dèyè nou, y'a touye pitit
nou yo, y'a fini ak tout zannimo nou yo. Anpil nan nou va
mouri tou. p'ap gen pesonn ap mache sou chemen nan
peyi a. **23** Si apre tout malè sa yo nou pa korije toujou,
n'ap kenbe tèt avè m' toujou, **24** mwen menm tou m'a
kenbe tèt avèk nou. M'ap frape nou sèt fwa pi rèd ankò
pase anvan poutèt peche nou yo. **25** M'ap fè lènmi nou yo
vin fè nou lagè poutèt kontra m' nou pa kenbe a. Lè sa a,
n'a anpile kò nou nan lavil yo pou chache pwoteksyon,
m'a voye tout kalite move maladi sou nou, jouk n'a blije
rann tèt nou bay lènmi nou yo. **26** M'ap koupe viv nou.
Yon sèl fou ap kont pou dis fanm pare pen pou tout fanmi
yo. Y'a kontwole sa y'ap bay chak moun. Lè n'a fin manje,
se atò n'a grangou. **27** Epi, si apre tou sa toujou, nou pa
koute m', n'ap kenbe tèt avè m' toujou, **28** lè sa a m'a
kenbe tèt ak nou tou, m'a pran chenn sou nou. Se mwen
menm toujou k'ap peni nou sèt fwa pi rèd pase anvan
poutèt peche nou yo. **29** N'a sitèlman grangou n'a touye
pwòp pitit gason ak pwòp pitit fi nou yo, n'a manje vyann
yo. **30** M'a detwi tout kay nou bati sou tèt mòn pou fè
sèvis, m'a kraze lotèl lansan nou yo mete atè, m'a anpile
kadav nou yo atè sou moso estati vye zidòl nou yo. N'a
ban m' degoutans. **31** M'a fè lavil nou yo tounen mazi.
M'ap detwi tout kote nou fè sèvis yo. M'ap derefize pran
bon sant ofrann nou yo. **32** Se mwen menm ankò ki pral
devaste peyi nou an. Ata lènmi nou yo ki pral pran peyi a
pou yo rete pral sezi wè sa m'ap fè. **33** M'ap mennen
lènmi nou yo vin fè nou lagè. M'ap leve moun dèyè nou
pou vin fè nou lagè. M'ap gaye nou nan mitan lòt peyi
etranje yo. Peyi a va tounen yon dezè. Lavil nou p'ap gen
pesonn rete ladan yo. **34** Lè sa a, tè a va pran repo. Wi, lè
lènmi nou yo va depòte nou byen lwen nan peyi pa yo, tè
a va rete san travay, l'a pran repo. **35** Pandan tout tan tè
a va rete san travay la, l'a jwi tout lanne repo nou pa t' ba
li yo lè nou te rete sou li a. **36** Kanta pou rès moun ki pa
mouri yo, lè y'a rive nan peyi kote yo depòte yo a, m'ap fè
yo viv tout tan ak yon kè sote san rete. Konsa, bri yon
fèy bwa chèch van ap pote ap kont pou fè yo kouri. Y'ap
kouri tankou moun ki gen lagè dèyè yo, y'ap tonbe san pa
gen moun k'ap kouri dèyè yo. **37** Y'ap tonbe yonn sou lòt
tankou nan lagè san pa gen pesonn k'ap kouri dèyè yo.
Yo p'ap fouti kanpe pou yo goumen ak lènmi yo. **38** N'a
mouri nan peyi kote yo te depòte nou yo. Y'a antere nou
nan peyi moun ki pa vle wè nou yo. **39** Moun ki rete nan
sa yo te depòte yo va depafini nan peyi lènmi nou yo,
paske y'a peye pou peche zansèt yo ak pou pwòp peche
pa yo. **40** Men, lè sa a pitit pitit nou yo va rekonèt peche
yo ak peche zansèt yo, peche yo te fè paske yo te refize
fè sa m' te di yo fè, peche yo te fè paske yo te kenbe tèt
avè m'. **41** Se poutèt sa mwen menm tou, mwen te kenbe
tèt ak yo, mwen te mennen yo prizonye nan peyi lènmi
yo. Lè sa a, moun ki te gen lògèy plen kè yo va soumèt
devan m', y'a peye pou sa yo te fè a. **42** Mwen menm m'a
chonje kontra mwen te pase avèk Jakòb, avèk Izarak epi
avèk Abraram. Wi, m'a chonje pwomès mwen te fè yo ak
peyi mwen te di m'ap ba yo a. **43** Men, yo gen pou yo pati
byen lwen, pou yo kite peyi a san moun pou tè a ka pran
repo li. Wi, y'a peye pou sa yo te fè a, paske yo pa t' swiv
prensip mwen te ba yo, paske yo te voye kòmandman m'
yo jete. **44** Men, menm lè sa a, antan yo la toujou nan
peyi lènmi yo, mwen p'ap meprize yo, mwen p'ap lage yo
jouk pou m' ta fini ak yo nèt. Mwen p'ap kase kontra m'
pase ak yo a. Paske se mwen menm ki Seyè a, Bondye
yo a. **45** Men, m'a fè pa yo, m'a chonje kontra mwen te
pase avèk zansèt yo lè mwen te fè yo soti kite peyi Lejip
devan je moun lòt nasyon yo pou m' te ka Bondye yo. Se
mwen menm ki Seyè a! **46** Men tout prensip, tout lòd ak
tout kòmandman Seyè a te bay Moyiz lòd mete nan kontra
li te siyen ak moun pèp Izrayèl yo sou mòn Sinayi a.

27 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **2** -Pale ak moun
pèp Izrayèl yo, w'a di yo pou mwen: Lè yon moun
pran angajman pou l' ofri yon moun bay Seyè a, se nou
menm ki pou fikse kantite lajan pou yo bay nan plas moun
lan, dapre sistèm yo sèvi nan tanp lan. **3** Men ki jan n'a fè
sa: Pou yon gason ki gen ant ventan al swasantan, se va
senkant pyès ajan. **4** Pou yon fanm menm laj la, se va
trant pyès ajan **5** Pou yon jenn gason ki gen ant senkan al
ventan, se va vin pyès ajan. Pou yon jenn fi ki gen menm
laj la, se va dis pyès ajan. **6** Pou yon timoun ki gen ant
yon mwa al senkan, si se yon gason se va senk pyès
ajan. Pou yon ti fi menm laj la, se va twa pyès ajan **7** Pou
yon gason ki depase swasantan, se va kenz pyès ajan.
Pou yon fanm menm laj la, se va dis pyès ajan. **8** Men, si
moun ki te pran angajman an pa gen kont lajan pou peye
valè nou mande a, l'a mennen moun li te pwomèt bay la
bay prèt la. Prèt la va fè yon lòt pri, dapre sa moun lan ka
peye. **9** Si se yon bèt yon moun pran angajman pou l' ofri
bay Seyè a, nenpòt kisa l'a bay Seyè a va rete apa nèt
pou Seyè a. **10** Li p'ap ka chanje yon move pou yon bon.
Li p'ap ka bay yon lòt bèt nan plas sa li te pwomèt la. Si li
fè sa, tou de bèt yo, ni sa li te di l'ap bay anvan an, ni sa li
ta vle bay nan plas li a, va rete apa pou Seyè a. **11** Men,
si bèt li te pran angajman ofri a se yon bèt ki pa ka sèvi
ofrann pou Seyè a, l'a mennen bèt la bay prèt la. **12** Prèt
la va fè pri bèt la dapre jan l' wè bèt la. Lè l'a fin fè pri bèt
la, pri l' mande a, se sa y'a peye pou li. **13** Men, si moun
ki te fè ofrann lan ta vle achte bèt la ankò, l'a peye pri prèt
la te fikse a plis ven pou san (20%) lavalè. **14** Lè yon
moun ap mete kay li apa pou Seyè a, prèt la va fè pri kay
la dapre jan l' wè kay la. Lè l'a fin fè pri a, pri l' mande a,

se sa pou yo bay. **15** Men, si moun k'ap mete kay la apa
pou Seyè a ta vle achte kay la ankò, l'a peye pri prèt la te
fikse a, plis ven pou san (20%) lavalè. Epi y'a renmèt li
kay li. **16** Si yon moun pran yon pòsyon nan jaden l' epi
li mete l' apa pou Seyè a, w'a fè pri pòsyon tè a dapre
kantite grenn yo ka simen ladan l'. Pou chak barik grenn
lòj yo ka simen, l'a bay dis pyès ajan. **17** Si li fè ofrann lan
apre yo fèk fin fete lanne rejwisans lan, se pou l' peye tout
pri a nèt. **18** Men, si li fè l' kèk tan apre yo fin fete lanne
rejwisans lan, prèt la va kalkile pri a sou kantite lanne ki
rete anvan yo fete lanne rejwisans k'ap vini an, konsa l'a
desann premye pri li te bay la. **19** Si moun ki mete pòsyon
tè a apa pou Seyè a ta vle achte tè a ankò, l'a peye pri yo
te bay pou tè a plis ven pou san (20%). Epi tè a va rete
pou li. **20** Men, si yo te gen tan vann tè a bay yon lòt
moun anvan li menm li te mande achte l' ankò, li p'ap ka
achte l' ankò. **21** Yon tè konsa, lè lanne rejwisans lan va
rive, pase yo renmèt li nan men premye mèt li, l'ap rete
yon bagay apa pou Seyè a, yon jaden pesonn p'ap ka
manyen. L'a rete pou prèt yo. **22** Si yon moun pran yon
jaden li menm li te achte, yon jaden ki pa jaden eritye, epi
li mete l' apa pou Seyè a, **23** prèt la va kalkile pri jaden an
sou kantite lanne ki rete anvan yo fete lanne rejwisans
k'ap vini an, epi moun lan va peye lajan an menm jou
a. Lajan sa a va rete apa nèt pou Seyè a. **24** Lè lanne
rejwisans lan va rive, jaden an va tounen pou premye
mèt la osinon pou pitit premye mèt la. **25** Y'a fè tout pri
yo dapre sistèm lajan yo sèvi nan kote yo mete apa pou
Bondye a: yon gwo pyès pou ven ti pyès. **26** Pesonn p'ap
ka pran angajman pou yo ofri Seyè a premye pitit mal yon
bèt fè paske li deja pou Seyè a. Kit se premye pitit bèf, kit
se premye pitit mouton osinon kabrit, se pou Seyè a yo
ye. **27** Men, si se premye pitit yon bèt ki pa ka sèvi ofrann
pou Seyè a, y'a ka achte l' ankò nan men Seyè a pou pri
n'a fikse a, plis ven pou san (20%) lavalè. Men, si moun
lan pa vle achte l' ankò pou tèt li, y'a vann yon lòt moun li
pou pri n'a fikse a. **28** Tou sa yon moun mete apa nèt pou
Seyè a, kit se yon moun, kit se yon bèt, kit se yon jaden, li
pa ka vann li ni li pa ka reachte l'. Bagay la fèt pou l' rete
la, apa nèt pou Seyè a. Pesonn p'ap ka manyen l'. **29**
Si se yon moun yo vle ki pou rete apa nèt pou Seyè a,
yo p'ap ka reachte l'. Se touye pou yo touye moun sa a.
30 N'a mete dis pou san (10%) nan tout rekòt jaden nou
apa pou Seyè a, li te mèt rekòt jaden nou fè nou menm,
osinon rekòt pyebwa ki donnen nan jaden nou. Se pou
Seyè a dis pou san sa yo ye. **31** Si yon moun vle achte
pou li menm kichòy nan dis pou san (10%) ki pou Seyè a,
la peye pri bagay la plis ven pou san (20%) lavalè. **32**
Sou chak dis bèt, li te mèt bèf, kabrit osinon mouton n'ap
gade, gen yonn ki pou Seyè a. Sa vle di lè n'ap konte bèf
nou yo, n'a konte yo pa dis. Konsa, chak fwa nou rive
sou dizyèm lan, n'a mete l' apa pou Seyè a. **33** Nou pa
bezwen konnen si li bon si li pa bon, ni nou pa bezwen
pran yon lòt mete nan plas li. Si nou vle chanje yon bèt, ni
sa nou ta vle chanje a, ni sa nou ta renmen bay nan plas
li a, tou de va pou Seyè a. Epitou nou p'ap ka reachte yo
ankò. **34** Men tout regleman Seyè a te bay Moyiz pou
moun pèp Izrayèl yo sou mòn Sinayi a.

Resansman

1 Premye jou dezyèm mwa nan dezyèm lanne depi
moun pèp Izrayèl yo te soti kite peyi Lejip la, antan
yo te nan dezè Sinayi a, Seyè a pale ak Moyiz nan
Tant Randevou a. Li di l' konsa: **2** -Se pou ou menm ak
Arawon, nou fè yon resansman pou konte tout moun nan
pèp Izrayèl la, dapre fanmi yo, dapre branch fanmi yo. W'a
pran non tout gason, yonn apre lòt. **3** N'a konte tou sa ki
gen ventan osinon ki pi gran, depi yo bon pou fè lagè. N'a
fè resansman an dapre jan lame a òganize. **4** N'a pran
yon chèf nan chak branch fanmi, dapre zansèt yo, pou
ede nou. **5** Men non moun ki va ede nou nan resansman
an: Nan branch fanmi Woubenn lan, se va Elizou, pitit
gason Chedeyou. **6** Nan branch fanmi Simeyon an, se
va Cheloumyèl, pitit gason Sourichadayi. **7** Nan branch
fanmi Jida a, se va Nakchon, pitit gason Aminadab. **8**
Nan branch fanmi Isaka a, se va Netanèl, pitit gason
Swa. **9** Nan branch fanmi Zabilon an, se va Eliyab, pitit
gason Elon. **10** Nan branch fanmi Efrayim, premye pitit
gason Jozèf la, se va Elichama, pitit gason Amiyoud.
Nan branch fanmi Manase, dezyèm pitit gason Jozèf la,
se va Gamliyèl, pitit gason Pedachou. **11** Nan branch
fanmi Benjamen an, se va Abidan, pitit gason Gideyoni.
12 Nan branch fanmi Dann lan, se va Ayezè, pitit gason
Amichadayi. **13** Nan branch fanmi Asè a, se va Pagiyèl,
pitit gason Okran. **14** Nan branch fanmi Gad la, se va
Elyasaf, pitit gason Dewèl. **15** Nan branch fanmi Neftali a,
se va Ayira, pitit gason Enan. **16** Se moun sa yo yo te
chwazi nan pèp la pou fè travay la. Se yo ki te chèf lakay
yo, chèf branch fanmi zansèt yo. **17** Moyiz ak Arawon
pran douz mesye Bondye te nonmen yo, **18** yo reyini tout
pèp la, premye jou dezyèm mwa a. Yo pran non tout moun
dapre fanmi yo, dapre branch fanmi zansèt yo. Yo konte
tout gason, yonn apre lòt, tou sa ki gen ventan osinon ki pi
gran, **19** dapre lòd Seyè a te bay Moyiz la. Se nan dezè
Sinayi a yo te fè resansman tout pèp la. **20** Se konsa yo
konte tout gason nan branch fanmi Woubenn, premye pitit
Jakòb la, tou sa ki gen ventan ak tou sa ki pi gran epi ki
bon pou fè lagè. Yo pran non yo yonn apre lòt, yo di pitit
ki moun yo ye, dapre fanmi yo, dapre branch fanmi zansèt
yo. **21** Yo jwenn karannsimil senksan (46.500) gason pou
branch fanmi Woubenn lan. **22** Yo fè menm bagay la tou
pou tout lòt branch fanmi yo. Pou branch fanmi Simeyon
an, **23** yo jwenn senkantnèfmil twasan (59.300) gason. **24**
Pou branch fanmi Gad la, **25** yo jwenn karannsenkmil
sisansenkant (45.650) gason. **26** Pou branch fanmi Jida
a, **27** yo jwenn swasannkatòzmil sisan (74.600) gason. **28**
Pou branch fanmi Isaka a, **29** yo jwenn senkannkatmil
katsan (54.400) gason. **30** Pou branch fanmi Zabilon
an, **31** yo jwenn senkannsètmil katsan (57.400) gason.
32 Pou branch fanmi Efrayim, premye pitit gason Jozèf
la, **33** yo jwenn karantmil senksan (40.500) gason. **34**
Pou branch fanmi Manase, dezyèm pitit gason Jozèf la,
35 yo jwenn tranndemil desan (32.200) gason. **36** Pou
branch fanmi Benjamen an, **37** yo jwenn trannsenkmil
katsan (35.400) gason. **38** Pou branch fanmi Dann lan,
39 yo jwenn swasanndemil sètsan (62.700) gason. **40** Pou
branch fanmi Asè a, **41** yo jwenn karanteyenmil senksan
(41.500) gason. **42** Pou branch fanmi Neftali a, **43** yo
jwenn senkanntwamil katsan (53.400) gason. **44** Se non
tout moun sa yo Moyiz ak Arawon te pran lè sa a. Te gen
douz chèf, yonn pou chak branch fanmi pèp Izrayèl la,
ki t'ap ede yo nan travay la. **45** Pou tout branch fanmi
yo ansanm, **46** yo jwenn sisantwamil senksansenkant
(603.550) gason. **47** Men yo pa t' fè resansman branch
fanmi Levi a ansanm ak lòt branch fanmi yo, **48** paske
Seyè a te di Moyiz konsa: **49** -Ou pa bezwen fè resansman
branch fanmi Levi a. Ou pa bezwen konte moun fanmi
Levi yo ansanm ak rès moun pèp Izrayèl yo. **50** Men, w'a
mete moun fanmi Levi yo reskonsab Tant Randevou a ak
tou sa ki ladan l' ansanm ak tou sa ki pou li. Se yo ki pou
pote l' ansanm ak tou sa ki ladan l'. Se yo ki pou sèvi
ladan l' epi yo gen pou yo moute kay yo fè wonn Tant
Randevou a. **51** Lè pou Tant Bondye a deplase, se moun
fanmi Levi yo ki va demoute l'. Lè yo rive kote pou yo
rete a, se moun fanmi Levi yo ki va moute l' tou. Nenpòt
lòt moun ki pa nan branch fanmi Levi a epi ki ta pwoche
bò tant lan, se pou yo touye l'. **52** Lòt moun pèp Izrayèl
yo menm va moute tant yo apa, chak fanmi ansanm bò
làbanyè yo, dapre pozisyon yo nan lame a. **53** Men, moun
fanmi Levi yo va moute kay yo fè wonn Tant Randevou
a pou kòlè Bondye pa tonbe sou pèp Izrayèl la. Se yo
menm tou ki la pou veye sou Tant Randevou a. **54** Moun
pèp Izrayèl yo te fè tou sa Seyè a te bay Moyiz lòd fè a.
Se konsa yo te fè l' vre.

2 Seyè a pale ak Moyiz ansanm ak Arawon, li di yo
konsa: **2** -Lè moun pèp Izrayèl yo va rive yon kote
pou yo rete, chak moun va moute tant yo toupre làbanyè
yo, anba ti drapo branch fanmi zansèt yo. Y'a moute tant
yo devan ak sou kote Tant Randevou a, men pa twò
pre l'. **3** Tout moun k'ap mache anba làbanyè Jida a va
moute kan yo sou bò solèy leve, chak divizyon apa. Se
Nakchon, pitit gason Aninabad la, ki te chèf fanmi Jida a.
4 Dapre resansman an, te gen swasannkatòzmil sisan
(74.600) gason nan divizyon sa a. **5** Moun Isaka yo va
moute kan yo sou menm bò a, adwat moun Jida a yo. Se
Netanèl, pitit gason Swa a, ki te chèf fanmi yo a. **6** Dapre
resansman an, te gen senkannkatmil katsan (54.400)
gason nan divizyon sa a. **7** Moun Zabilon yo va moute
kan yo sou menm bò a tou, agoch moun Jida yo. Se
Eliyab, pitit gason Elon an, ki te chèf fanmi yo a. **8** Dapre
resansman an, te gen senkannsètmil katsan (57.400)
gason nan divizyon sa a. **9** Konsa, anba làbanyè Jida a, te
gen twa divizyon. Sa te fè antou sankatrevensimil katsan
(186,400) gason. Se toujou yo menm ki pou mache devan
lè y'ap deplase. **10** Tout moun k'ap mache anba làbanyè
Woubenn yo va moute kan yo sou bò sid, chak divizyon
apa. Se Elisou, pitit gason Chedeyou a, ki te chèf fanmi

Woubenn lan. **11** Dapre resansman an, te gen karannsimil
senksan (46.500) gason nan divizyon sa a. **12** Moun
Simeyon yo va moute kan yo sou menm bò a, adwat moun
Woubenn yo. Se Cheloumyèl, pitit gason Sourichadayi a,
ki te chèf fanmi yo a. **13** Dapre resansman an, te gen
senkannèfmil twasan (59.300) gason nan divizyon sa a.
14 Moun Gad yo va rete sou menm bò a, agoch moun
Woubenn yo. Se Elyasaf, pitit gason Reouyèl la, ki te chèf
fanmi yo a. **15** Dapre resansman an, te gen karannsenkmil
sisan (45.600) gason nan divizyon sa a. **16** Konsa, anba
làbanyè Woubenn lan te gen twa divizyon. Sa te fè antou
sansenkanteyenmil katsansenkant (151.450) gason. Se
toujou yo menm ki pou mache an dezyèm pozisyon lè
y'ap deplase. **17** Lè tout moun ap deplase, y'a mache
nan menm pozisyon yo mete yo lè y'ap moute kan yo,
anba làbanyè yo: de divizyon devan, de divizyon dèyè
ak fanmi Levi yo nan mitan ap pote Tant Randevou a.
18 Tout moun k'ap mache anba làbanyè Efrayim lan va
moute kan yo sou solèy kouche, chak divizyon apa. Se
Elichama, pitit gason Amiyoud la, ki te chèf fanmi Efrayin
lan. **19** Dapre resansman an, te gen karantmil senksan
(40.500) gason nan divizyon sa a. **20** Moun Manase yo va
moute kan yo sou menm bò a, adwat moun Efrayim yo.
Se Gamliyèl, pitit gason Pedachou a, ki te chèf fanmi yo a.
21 Dapre resansman an, te gen tranndemil desan (32.200)
gason nan divizyon sa a. **22** Moun Benjamen yo va moute
kan yo sou menm bò a tou, agoch moun Efrayim yo. Se
Abidan, pitit gason Gideyoni a, ki te chèf fanmi yo a. **23**
Dapre resansman an, te gen trannsenkmil katsan (35.400)
gason nan divizyon sa a. **24** Konsa, anba làbanyè Efrayim
lan, te gen twa divizyon. Sa te fè antou san witmil san
(108.100) gason. Se toujou yo menm ki pou mache an
twazyèm pozisyon lè y'ap deplase. **25** Tout moun k'ap
mache anla làbanyè Dann lan va moute kan yo sou bò
nò, chak divizyon apa. Se Ayezè, pitit gason Amichadayi
a, ki te chèf fanmi Dann lan. **26** Dapre resansman an, te
gen swasanndemil sètsan (62.700) gason nan divizyon sa
a. **27** Moun Asè yo va moute kan yo sou menm bò a,
adwat moun Dann yo. Se Pagiyèl, pitit gason Okran an,
ki te chèf fanmi yo a. **28** Dapre resansman an, te gen
karanteyenmil senksan (41.500) gason nan divizyon sa
a. **29** Moun Neftali yo va moute kan yo sou menm bò a
tou, agoch moun Efrayim yo. Se Ayira, pitit gason Enan
an, ki te chèf fanmi yo a. **30** Dapre resansman an, te
gen senkanntwamil katsan (53.400) gason nan divizyon
sa a. **31** Konsa, anba làbanyè Dann lan, te gen twa
divizyon. Sa te fè antou sansenkannsètmil sisan (157.600)
gason. Se toujou yo menm ki pou mache dèyè nèt, chak
divizyon anba drapo pa yo. **32** Men kantite gason yo te
jwenn nan pèp Izrayèl la dapre branch fanmi zansèt yo.
Dapre resansman yo te fè a, divizyon pa divizyon, te gen
sisantwamil senksansenkant (603.550) gason antou. **33**
Men yo pa t' konte moun branch fanmi Levi yo ansanm ak
rès moun pèp Izrayèl yo, dapre lòd Seyè a te bay Moyiz
la. **34** Moun pèp Izrayèl yo te fè tou sa Seyè a te bay
Moyiz lòd fè a. Se konsa yo moute kan yo, chak divizyon
apa, anba làbanyè pa yo. Lè y'ap deplase, yo mache pa
divizyon, chak moun ansanm ak branch fanmi zansèt yo.

3 Lè nou remoute nan tan Seyè a te pale ak Moyiz sou
mòn Sinayi a, men moun ki te nan fanmi Arawon ak
Moyiz. **2** Men non pitit Arawon yo: se te Nadab, pi gran
an. Apre li vin Abiyou, Eleaza ak Itama. **3** Se yo menm
Bondye te chwazi, li te ba yo pouvwa pou yo te sèvi l'
prèt. **4** Men, Nabad ak Abiyou te mouri nan dezè Sinayi
a, lè yo te ofri bay Seyè a yon dife yo pa t' gen dwa ofri
ba li. Yo pa te gen pitit. Konsa, se Eleaza ak Itama ki te
sèvi prèt ansanm ak Arawon, papa yo. **5** Seyè a pale ak
Moyiz, li di l' konsa: **6** -Fè moun fanmi Levi yo pwoche.
Mete yo ansanm ak Arawon, prèt la, pou yo ka ede l' nan
travay l'ap fè a. **7** Y'a travay nan kay Bondye a, y'a fè
tout kalite sèvis ki gen pou fèt pou Arawon ak pou pèp la
devan Tant Randevou a. **8** Yo va reskonsab tout bagay ki
anndan Tant Randevou a. Y'a fè tout travay moun Izrayèl
yo ta gen pou yo fè nan Tant Randevou a. **9** W'a mete yo
sou kont Arawon ak pitit gason l' yo. Wi, nan tout moun
pèp Izrayèl yo, w'a pran moun fanmi Levi yo, w'a mete yo
sou kont prèt yo pou toutan. **10** Men, w'a bay Arawon
ak pitit gason l' yo reskonsablite tout travay prèt yo. Si
yon lòt moun ki pa prèt ta konprann pou li fè travay prèt
yo, se pou yo touye l'. **11** Seyè a pale ak Moyiz, li di
l' ankò: **12** -Gade non! Nan tout moun pèp Izrayèl yo,
mwen chwazi moun fanmi Levi yo. Mwen pran yo nan
plas premye pitit gason moun pèp Izrayèl yo. Se pou
mwen yo ye. **13** Paske, tout premye pitit gason yo se pou
mwen yo ye. Depi jou mwen te touye tout premye pitit
gason moun peyi Lejip yo, mwen te mete tout premye pitit
gason moun pèp Izrayèl yo apa pou mwen, ansanm ak
tout premye ti mal bèt yo fè. Se pou mwen menm yo tout
ye. Se mwen menm ki Seyè a. **14** Seyè a pale ak Moyiz
nan dezè Sinayi a, li di l' konsa: **15** -Ou pral fè resansman
tout moun Levi yo, dapre fanmi yo, dapre branch fanmi
zansèt yo. W'a konte tout gason depi sa ki gen yon mwa
depi yo fèt jouk sa ki pi gran yo. **16** Moyiz fè resansman
an dapre lòd Seyè a te ba l' a. Li konte yo jan Seyè a te
di l' fè l' la. **17** Men non twa pitit gason Levi yo: Se te
Gèchon, Keyat ak Merari. **18** Men non pitit Gèchon yo ak
tout fanmi yo: Se te Libni ak Chimèyi. **19** Men non pitit
Keyat yo ak tout fanmi yo: Se te Amram, Jizeya, Ebwon
ak Ouzyèl. **20** Men non pitit gason Merari yo ak tout fanmi
yo: Se te Makli ak Mouchi. Men non fanmi moun Levi yo,
dapre non zansèt yo. **21** Te gen de fanmi nan branch
Gèchon an: Se te pitit Libni yo ak pitit Chimeyi yo. Se tout
fanmi Gèchon yo sa. **22** Lè yo konte gason yo, depi sa ki
te gen yon mwa depi yo fèt jouk sa ki pi gran yo, yo jwenn
sètmil senksan (7.500) gason. **23** Fanmi sa yo te rete
dèyè kay Bondye a, sou bò solèy kouche. **24** Se Elyasaf,
pitit gason Layèl la, ki te chèf fanmi Gèchon yo. **25** Se yo
ki te reskonsab kay Bondye a, ak de tant ki kouvri l' yo,
rido ki nan pòt devan Tant Randevou a, **26** rido pou galeri
ki fè wonn Tant Randevou a ak lotèl la, rido ki nan pòt

devan galeri a ak tout kòd yo bezwen pou sèvi nan kay
Bondye a. **27** Te gen kat fanmi nan branch Keyat la: Se
te pitit Amram yo, pitit Jizeya yo, pitit Ebwon yo ak pitit
Ouzyèl yo. Se tout fanmi Keyat yo sa. **28** Lè yo konte tout
gason yo, depi sa ki gen yon mwa depi yo fèt jouk sa ki pi
gran yo, yo jwenn witmil sisan (8.600) gason. Se yo ki te
reskonsab kote ki apa nèt pou Seyè a nan kay Bondye a.
29 Fanmi sa yo te moute kan yo sou bò sid kay Bondye
a. **30** Se Elizafan, pitit gason Ouzyèl la, ki te chèf fanmi
Keyat yo. **31** Se yo ki te reskonsab Bwat Kontra a, tab la,
gwo lanp sèt branch lan, lotèl yo ak tout bagay ki sèvi nan
kote ki apa nèt pou Bondye a, rido yo ansanm ak tout
bagay ki mache avèk rido yo. **32** Se Eleaza, pitit gason
Arawon, prèt la, ki te chèf tout chèf fanmi Levi yo. Se li ki
te kontwole travay moun ki te reskonsab kote ki apa nèt
pou Seyè a. **33** Te gen de fanmi nan branch fanmi Merari
a: se te pitit Makli yo ak pitit Mouchi yo. Se tout fanmi
Merari yo sa. **34** Lè yo konte tout gason yo, depi sa ki gen
yon mwa depi yo fèt jouk sa ki pi gran yo, yo jwenn simil
desan (6.200) gason. **35** Se Zouryèl, pitit gason Abikayil
la, ki te chèf fanmi Merari yo. Yo te moute kan yo sou bò
nò kay Bondye a. **36** Se yo ki te reskonsab ankadreman
pou soutni kay Bondye a, travès yo, poto yo, sipò yo ak
tout rido yo ansanm ak tout bagay ki sèvi ak yo. **37** Yo te
reskonsab poto, sipò, pikèt ak kòd pou soutni galeri yo
tou. **38** Moyiz, Arawon ak pitit gason l' yo te moute kay
pa yo devan Tant Randevou a, sou bò lès. Se yo ki te
reskonsab pou fè sèvis nan kote ki apa nèt pou Bondye
a pou pèp Izrayèl la. Tout lòt moun ki ta konprann pou
yo fè travay prèt yo, se pou yo touye yo. **39** Lè Moyiz
ak Arawon te fè resansman moun fanmi Levi yo, chak
fanmi apa, dapre lòd Seyè a te bay yo a, yo jwenn antou
venndemil (22.000) gason, depi sa ki te gen yon mwa depi
yo te fèt jouk sa ki pi gran yo. **40** Seyè a di Moyiz konsa: -
Pran non tout premye pitit gason moun pèp Izrayèl yo,
depi sa ki gen yon mwa depi yo fèt jouk sa ki pi gran yo.
W'a konte konbe ki genyen. **41** Se mwen menm ki Seyè
a. W'a pran moun fanmi Levi yo, w'a mete yo apa pou
mwen nan plas tout premye pitit gason moun pèp Izrayèl
yo. Konsa tou, w'a pran tout bèt ki pou moun fanmi Levi
yo, w'a mete yo apa pou mwen nan plas premye ti mal
bèt moun Izrayèl yo va fè. **42** Moyiz pran non tout premye
pitit gason moun pèp Izrayèl yo, dapre lòd Seyè a te ba l'
a. **43** Li konte tout premye pitit gason yo, depi sa ki te
gen yon mwa jouk sa ki pi gran yo. Li jwenn venndemil
desanswasanntrèz (22.273). **44** Apre sa, Seyè a pale ak
Moyiz, li di l' konsa: **45** -Pran moun fanmi Levi yo, mete
yo apa pou mwen nan plas premye pitit gason moun pèp
Izrayèl yo. Epi w'a mete bèt moun Levi yo apa pou mwen
tou nan plas premye ti mal bèt moun pèp Izrayèl yo va
fè. Konsa, tout moun Levi yo va pou mwen. Se mwen
menm ki Seyè a. **46** Ou te jwenn te gen plis premye pitit
gason nan pèp Izrayèl la pase te gen moun Levi. Te gen
desanswasanntrèz (273) an plis. Men sa pou yo peye pou
sove lavi desansousanntrèz premye pitit gason sa yo. **47**
Pou yo chak, y'a bay senk pyès ajan, dapre sistèm lajan
yo sèvi nan kay Bondye a: vin gara pou yon pyès ajan. **48**
W'a pran lajan yo peye pou sove lavi sa ki an plis yo,
w'a bay Arawon ak pitit gason l' yo. **49** Se konsa, Moyiz
pran lajan yo te peye pou sove lavi premye pitit gason
ki te an plis sou kantite moun Levi yo. **50** Li pran mil
twasanswasannsenk (1.365) pyès lajan nan men premye
pitit moun Izrayèl yo, dapre sistèm lajan yo sèvi nan kote
ki apa pou Bondye a. **51** Apre sa, Moyiz pran tout lajan yo
te peye pou sove lavi rès premye pitit gason yo, dapre lòd
Seyè a te bay la, li bay Arawon ak pitit gason l' yo, jan
Seyè a te ba li lòd la.

4 Seyè a pale ak Moyiz ansanm ak Arawon, li di yo
konsa: **2** -Fè resansman tout pitit gason moun Keyat
yo, nan branch fanmi Levi a, dapre fanmi yo, dapre branch
fanmi zansèt yo. **3** Pran non tout gason, depi sa ki gen
trantan jouk sa ki gen senkantan, tou sa ki gen laj pou fè
travay ki gen pou fèt nan Tant Randevou a. **4** Men travay
pitit gason Keyat yo va fè nan Tant Randevou a, kote
yo mete apa nèt pou Seyè a. **5** Lè lè a rive pou pèp la
ranmase zafè yo pou yo deplase, Arawon ak pitit gason l'
yo va antre nan kay Bondye a, y'a desann rido ki devan
Bwat Kontra a, y'a kouvri bwat la ak li. **6** Y'a mete yon
premye gwo nap an po bazann sou li, epi y'a kouvri l' ak
yon dezyèm nap an twal ble. Apre sa, y'a pase manch
pou pote bwat la nan gwo bag yo. **7** Y'a kouvri tab pou
pen yo ofri bay Bondye a ak yon dra ble. Y'a mete asyèt,
tas, kafetyè ak bòl yo sèvi nan sèvis pou mwen yo sou li.
Pen yo ofri bay Seyè a va toujou rete sou li tou. **8** Y'a
voye yon dra wouj sou li, y'a kouvri tout ak yon nap fèt ak
po bazann, epi y'a pase manch pou pote tab la nan gwo
bag yo. **9** Y'a pran yon dra tou ble, y'a kouvri gwo lanp
sèt branch lan ak tout ti lanp li yo, pensèt li yo, plat li yo
ak veso pou lwil yo. **10** Y'a vlope yo ansanm nan yon nap
an po bazann, epi y'a mete l' sou yon branka pou pote l'.
11 Apre sa, y'a mete yon dra ble sou lotèl an lò a, y'a
kouvri l' nèt ak yon nap an po bazann, epi y'a pase manch
pou pote lotèl la nan bag yo. **12** Y'a pran tout bagay yo
sèvi nan kote ki apa nèt pou Seyè a, y'a mete yo nan yon
dra ble, y'a vlope yo nan yon nap an po bazann, epi y'a
mete yo sou yon branka pou pote yo. **13** Y'a wete sann ki
sou lotèl la, epi y'a kouvri lotèl la ak yon dra wouj. **14** Y'a
pran tout bagay ki mache ak lotèl la: recho, pèl, fouchèt,
plat pou resevwa sann, y'a mete yo sou lotèl la. Apre
sa, y'a kouvri l' ak yon nap an po bazann, epi y'a pase
manch pou pote lotèl la. **15** Lè lè a va rive pou pèp la leve
lamach, lè Arawon ak pitit gason l' yo va fin kouvri tout
mèb ki nan kote ki apa nèt pou Seyè a, ansanm ak tout
bagay ki mache ak yo a, se lè sa a gason moun Keyat
yo va vin pran mèb yo pou pote yo. Moun Keyat yo pa
gen dwa manyen bagay yo mete apa nèt pou Seyè a. Si
yo fè sa, y'ap mouri. Se tout reskonsablite moun Keyat
yo sa, lè y'ap deplase Tant Randevou a. **16** Eleaza, pitit
gason Arawon, prèt la, va reskonsab kontwole lwil lanp
yo, lansan santi bon an, pen yo toujou ofri bay Seyè a

ak lwil pou mete moun apa a. Wi, l'a kontwole tout kay
Bondye a nèt ak tou sa ki ladan l', menm kote ki apa nèt
pou Seyè a ak bagay ki ladan l' yo. **17** Seyè a pale ak
Moyiz ansanm ak Arawon, li di yo konsa: **18** -Pa kite
anyen rive moun fanmi Keyat yo ki pou ta fè yo disparèt
nan mitan moun Levi yo. **19** Men sa pou nou fè pou yo pa
mouri, pou yo ka viv, lè y'ap pwoche bò bagay ki apa nèt
pou Seyè a. Arawon ak pitit gason l' yo va antre anvan epi
y'a bay chak moun travay pa yo, y'a di yo sa pou yo pote.
20 Men, moun Keyat yo pa janm gen dwa antre al gade
lè y'ap vlope bagay ki apa nèt pou Seyè a. Si yo fè sa,
y'ap mouri. **21** Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **22** -Fè
resansman tout pitit gason moun Gèchon yo tou, dapre
fanmi yo, dapre branch fanmi zansèt yo. **23** Pran non tout
gason, depi sa ki gen trantan jouk sa ki gen senkantan,
tou sa ki gen laj pou fè travay ki gen pou fèt nan Tant
Randevou a. **24** Men travay moun Gèchon yo, men sa
pou yo pote: **25** lèz twal ki sèvi pou moute kay Bondye a
ansanm ak gwo tant ki kouvri kay Bondye a, kouvèti fèt ak
po bazann ki anwo tant lan, seri rido ki fèmen pòt Tant
Randevou a, **26** rido galeri ki kouvri tant lan ak lotèl la nèt,
rido ki fèmen galeri a, kòd yo ak tout lòt bagay ki mache
ak bagay sa yo. Se yo ki pou fè tout travay ki gen rapò
ak bagay sa yo. **27** Moun Gèchon yo va travay sou lòd
Arawon ak pitit gason l' yo. Y'a fè tout travay yo, y'a pote
tou sa yo gen pou yo pote. Y'a reskonsab tou sa y'ap
pote a. **28** Sa se tout reskonsablite moun Gèchon yo nan
travay ki gen pou fèt nan Tant Randevou a. Se Itama,
pitit gason Arawon, prèt la, ki va kontwole tou sa y'ap
fè. **29** Seyè a di Moyiz ankò: -W'a fè resansman tout pitit
gason moun Merari yo, dapre fanmi yo, dapre branch
fanmi zansèt yo. **30** W'a pran non tout gason, depi sa ki
gen trantan jouk sa ki gen senkantan, tou sa ki gen laj
pou fè travay ki gen pou fèt nan Tant Randevou a. **31** Se
yo menm k'ap reskonsab pote ankadreman, travès, poto
ak sipò kay Bondye yo, **32** poto, sipò, pikèt ak kòd pou
galeri ki fè wonn tant lan, avèk tout bagay ki sèvi ak yo,
ansanm ak tout zouti y'ap bezwen pou fè travay yo. Y'a
bay chak moun non bagay la reskonsab pou l' pote a. **33**
Se tout reskonsablite moun Merari yo sa nan travay yo
gen pou fè nan Tant Randevou a. Se Itama, pitit Arawon,
prèt la, ki va ba yo sa pou yo fè. **34** Dapre lòd Seyè a
te bay la, Moyiz, Arawon ak chèf pèp Izrayèl yo te fè
resansman gason nan fanmi Keyat yo, dapre fanmi yo ak
dapre branch fanmi zansèt yo. **35** Yo pran non tout gason,
depi sa ki gen trantan jouk sa ki gen senkantan, tou sa
ki gen laj pou fè pati gwoup moun k'ap travay nan Tant
Randevou a. **36** Yo jwenn demil sètsansenkant (2.750)
gason antou nan **37** tout fanmi Keyat yo. Se moun sa yo
ki te la pou fè travay ki gen pou fèt nan Tant Randevou a.
Se yo menm Moyiz ak Arawon te konte dapre lòd Seyè a
te bay Moyiz la. **38** Apre sa, yo fè resansman gason nan
fanmi Gèchon yo, dapre fanmi yo ak dapre branch fanmi
zansèt yo. **39** Yo pran non tout gason, depi sa ki gen
trantan jouk sa ki gen senkantan, tou sa ki gen laj pou
fè pati gwoup moun k'ap travay nan Tant Randevou a.
40 Yo jwenn demil sisantran (2.630) gason **41** nan tout
fanmi Gèchon yo. Se moun sa yo ki te la pou fè travay ki
gen pou fèt nan Tant Randevou a. Se yo menm Moyiz ak
Arawon te konte dapre lòd Seyè a te bay Moyiz la. **42**
Apre sa, yo fè resansman gason nan fanmi Merari yo,
dapre fanmi yo ak dapre branch fanmi zansèt yo. **43** Yo
pran non tout gason, depi sa ki gen trantan jouk sa ki gen
senkantan, tou sa ki gen laj pou fè pati gwoup moun k'ap
travay nan Tant Randevou a. **44** Yo jwenn twamil desan
(3.200) gason **45** nan tout fanmi Merari yo. Se moun sa
yo ki te la pou fè travay ki gen pou fèt nan Tant Randevou
a. Se yo menm Moyiz ak Arawon te konte dapre lòd Seyè
a te bay Moyiz la. **46** Se konsa Moyiz ak Arawon ak chèf
pèp Izrayèl yo te fè resansman branch fanmi Levi yo,
dapre fanmi yo ak dapre branch fanmi zansèt yo. **47** Yo te
pran non tout gason, depi sa ki gen trantan jouk sa ki
gen senkantan, tou sa ki gen laj pou fè pati gwoup moun
k'ap travay nan Tant Randevou a, osinon k'ap pote l' lè
y'ap deplase. **48** Yo jwenn antou witmil senksankatreven
(8.580) gason. **49** Se konsa, dapre lòd Seyè a te bay
Moyiz pou pèp la, yo pran non chak gason moun Levi yo
ak travay pou yo fè ak sa pou yo pote. Se Seyè a menm
ki te bay Moyiz lòd fè resansman sa a.

5 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **2** -Bay moun
pèp Izrayèl yo lòd pou yo mete deyò nan kan kote yo
rete a tout moun ki gen move maladi po, moun ki gen
ekoulman, osinon moun ki pa nan kondisyon pou sèvi
Bondye paske yo manyen kadav moun mouri. **3** Wi, se
pou nou mete tout moun ki pa nan kondisyon pou sèvi m'
yo deyò nan kan an, fanm kou gason, pou yo pa mete
kan kote m'ap viv nan mitan pèp mwen an nan kondisyon
li pa ka sèvi m'. **4** Se konsa, moun pèp Izrayèl yo fè sa
Seyè a te di Moyiz la. Yo mete tout moun sa yo deyò nan
kan kote yo rete a. **5** Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
6 -Pale ak moun pèp Izrayèl yo. Lè yon gason osinon
yon fanm pa kenbe pawòl l' ak Seyè a, l' al fè yon bagay
mal kont yon moun, l' antò. **7** Moun ki antò a va rekonèt
devan tout moun li te fè yon bagay mal, epi li va renmèt
tout sa l' te pran an bay moun li te fè tò a plis vin pou san
(20%) lavalè. **8** Men, si moun li te fè tò a mouri san li pa
kite yon fanmi pre ki pou resevwa sa y'ap renmèt l' a, y'a
pran sa l'ap renmèt la, y'a ofri l' bay Seyè a pou prèt yo.
Apre sa, moun lan ap toujou gen pou l' ofri bay Bondye
yon belye mouton pou repare sa l' te fè ki mal la. **9** Tout
ofrann moun Izrayèl yo mete apa pou Seyè a va rete pou
prèt y' al jwenn pou fè ofrann lan. **10** Tout ofrann yon
moun pote bay prèt la va rete pou prèt la. Tou sa yon
moun pote renmèt va rete pou prèt la tou. **11** Seyè a pale
ak Moyiz, li di l' konsa: **12** -Pale ak moun pèp Izrayèl yo.
W'a di yo pou mwen: Sipoze madanm yon nonm lage kò
l' nan dezòd, epi l'ap twonpe mari l', **13** si li kouche ak
yon lòt gason san mari l' pa konn sa, si li te kache kò l'
pandan li t'ap fè bagay ki mete l' nan kondisyon pou li pa
ka fè sèvis pou Bondye a, kifè pa gen temwen ki pou pale

kont li, ni yo pa t' kenbe l' nan men, **14** osinon si yon mari
vin sispèk madanm li nan dezòd, kifè madanm lan pa nan
kondisyon pou l' fè sèvis pou Bondye, kit madanm lan fè l'
vre, kit li pa fè l', **15** nonm lan va mennen madanm lan
bay prèt la, epi l'a pote ofrann madanm lan gen pou fè
nan ka sa a: se va de liv farin lòj. Li p'ap bezwen vide lwil
sou li, ni li p'ap bezwen mete lansan sou li, paske se yon
ofrann l'ap fè paske li sispèk kichòy, se yon ofrann l'ap fè
pou l' ka konn verite a. **16** Apre sa, prèt la va fè madanm
lan pwoche vin kanpe devan lotèl Seyè a. **17** Prèt la va
pran ti gout dlo nan kivèt la, l'a mete l' nan yon veso fèt
an fè, l'a pran yon priz pousyè tè nan Tant Randevou a,
l'a mete l' nan dlo a. **18** Lèfini, l'a fè madanm lan kanpe
devan lotèl Seyè a, l'a wete twal ki sou tèt madanm lan,
epi l'a mete ofrann farin lan nan de pla men l' yo. Prèt la
menm va kenbe nan men l' veso ki gen dlo anmè a, dlo ki
bay madichon an. **19** Prèt la va mande madanm lan pou li
sèmante. L'a di l' konsa: Si ou pa kouche avèk okenn
lòt gason pase avèk mari ou, si ou pa lage kò ou nan
dezòd ki pou ta mete ou nan kondisyon pou ou pa ka fè
sèvis pou Bondye, ou mèt bwè dlo anmè sa a, dlo ki bay
madichon an, anyen p'ap rive ou. **20** Men, si ou te lage kò
ou nan dezòd vre, si ou pa nan kondisyon pou ou fè sèvis
pou Bondye, paske ou te kouche ak yon gason ki pa mari
ou, **21** se pou Seyè a fè tout moun pran non ou pou bay
madichon. Se pou l' fè ou pa ka janm fè pitit. Se pou vant
ou anfle. **22** Se pou dlo anmè ki bay madichon an antre
nan vant ou pou fè l' anfle, pou l' fè ou pa ka janm fè pitit.
Madanm lan va reponn: -Mwen dakò. Se pou Seyè a fè
m' sa vre, si m' antò! **23** Lè sa a, prèt la va ekri sèman an
yon kote, epi l'a lave kote li te ekri a ak dlo anmè a pou
efase sa l' te ekri a. **24** Apre sa, l'a fè madanm lan bwè
dlo anmè ki bay madichon an, pou dlo a pase nan kò l' ba
li gwo doulè nan vant. **25** Prèt la va pran ofrann farin lan
nan men madanm lan, l'a balanse l' devan Seyè a tankou
yon ofrann, epi l'a mete l' sou lotèl la. **26** Apre sa, l'a pran
yon ponyen nan farin lan, l'a ofri l' bay Bondye, l'a boule l'
sou lotèl la. Se konsa l'a mete tout farin lan nèt apa pou
Seyè a. Apre sa, l'a fè fanm lan bwè dlo a. **27** Si fanm lan
te antò vre, si li te twonpe mari l', dlo a va desann nan kò
l', l'a ba li gwo doulè. Vant li va anfle, li p'ap janm ka fè
pitit ankò, epi non l' va sèvi pou bay madichon. **28** Men,
si fanm lan inonsan, si li te nan kondisyon pou fè sèvis
Bondye, anyen p'ap rive l', l'ap toujou ka fè pitit. **29** Se
regleman sa a pou yo swiv lè yon fanm pran gason sou
mari l', lè li lage kò l' nan dezòd pou l' fè sa li pa t' dwe fè,
30 osinon lè yon nonm sispèk madanm l' ap twonpe l'. L'a
mennen madanm lan devan lotèl Seyè a, epi prèt la va fè
sèvis sa a pou madanm lan. **31** Mari a p'ap reskonsab
anyen ki ka rive madanm lan. Men madanm lan, si l' antò,
va pote chay peche l' la.

6 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **2** -Pale ak moun
pèp Izrayèl yo, w'a di yo: Lè yon gason osinon yon
fanm fè yon ve espesyal, ve nazareyen yo, pou li viv apa
nèt pou Seyè a, **3** se pou l' rete san li pa bwè diven ni
okenn bweson ki gen alkòl ladan l'. Ni li p'ap bwè vinèg
ki fèt ak diven ni okenn lòt bweson fèmante, ni li p'ap
bwè ji rezen. Ata rezen fre osinon rezen chèch li p'ap
ka manje. **4** Pandan tout tan l'ap viv apa pou Bondye
tankou yon nazareyen an, li pa gen dwa manje anyen ki
soti nan pye rezen, pa menm grenn rezen an ak po a. **5**
Pandan tout tan li fè ve pou l' viv apa pou Bondye tankou
yon nazareyen an, li pa gen dwa koupe cheve nan tèt
li, ni fè labab. Se pou l' kenbe ve a pandan tout tan l'ap
viv apa nèt pou Bondye a, jouk lè tan ve a bout. Se pou
l' kite cheve nan tèt li pouse byen long san li pa janm
koupe yo. **6** Pandan tout tan l'ap viv apa pou Bondye
a, piga li janm pwoche bò yon kadav moun mouri, **7** pa
menm kadav papa l', osinon kadav manman l', kadav frè
l', osinon kadav sè li. Li pa fèt pou li pwoche bò kadav
moun mouri pou li pa mete tèt li nan kondisyon pou l' pa
ka sèvi Bondye, paske avèk cheve ki nan tèt l' a, sa vle di
l'ap viv apa nèt pou Bondye. **8** Pandan tout tan l'ap viv
apa pou Bondye a, se pou l' rete apa nèt pou Bondye.
9 Si yon moun rete konsa, li tonbe li mouri devan yon
nazareyen, devan yon moun ki t'ap viv apa nèt pou Seyè
a san koupe cheve nan tèt li, nazareyen an ap twouve l'
nan kondisyon pou l' pa ka sèvi Bondye ankò. Se pou l'
tann sèt jou anvan l'a nan kondisyon pou l' ka fè sèvis
Bondye ankò. Jou sa a, l'a koupe tout cheve nan tèt li. **10**
Sou wityèm jou a, l'a pran de toutrèl osinon de pijon, l'a
pote yo bay prèt la devan pòt Tant Randevou a. **11** Prèt la
va ofri yo bay Seyè a, yonn pou repare sa li te fè ki mal
la, lòt la pou yo boule sou lotèl la. Se konsa l'a ofri bèt
pou yo touye pou peche moun lan fè a akòz kontak li te
gen avèk kadav moun mouri a. **12** Nonm lan va refè ve li
te fè pou l' viv apa nèt pou Bondye a. Tou sa li te fè anvan
an pa vo anyen ankò, paske ve li te fè a gate. Epi l'a pote
yon ti mouton ki poko gen ennan pou yo ofri pou repare
sa li te fè ki mal la. **13** Men sèvis yon nazareyen va fè lè
tan pou l' kenbe ve l' te fè a bout. Y'a mennen l' devan pòt
Tant Randevou a. **14** L'a ofri twa bèt ki san okenn enfimite
bay Seyè a: yon ti belye mouton ki poko gen ennan, yon
ti fenmèl mouton ki poko gen ennan ak yon gwo belye
mouton. Ti belye mouton an va sèvi ofrann pou boule nèt
pou Seyè a, ti fenmèl mouton va sèvi ofrann pou wete
peche, ak gwo belye mouton an va sèvi ofrann pou di
Bondye mèsi. **15** L'a ofri tou yon panyen pen san ledven:
pen gwo mit fèt avèk farin frans melanje ak lwil oliv ak ti
pen plat ak lwil pase sou yo, ansanm ak ofrann grenn
jaden ak ofrann diven ki mache ak yo. **16** Prèt la va ofri yo
pou li devan lotèl Seyè a. L'a fè sèvis pou repare sa moun
lan te fè ki mal la, epi l'a boule ofrann l' a nan dife. **17**
L'a touye belye mouton an, l'a ofri l' pou di Bondye mèsi
ansanm ak panyen pen san ledven an. Lèfini, l'a fè ofrann
grenn jaden ak ofrann diven ki mache ak yo a. **18** Lè sa
a, nazareyen an va koupe tout cheve nan tèt li devan
pòt Tant Randevou a, l'a pran cheve yo, l'a mete yo nan
dife kote ofrann pou di Bondye mèsi a ap boule. **19** Apre
nazareyen an fin fè sa, prèt la va pran jigo mouton yo te

kwit la, yon pen gwo mit ak yon ti pen plat nan panyen an,
l'a mete tou sa nan pla men nazareyen an. 20 Lèfini, prèt
la va balanse yo tankou yon ofrann devan Seyè a: pòsyon
sa yo va yon bagay yo mete apa pou Bondye, y'a rete
pou prèt la anplis vyann pwatrin lan ak jigo ki te pou li
deja a. Apre sa, nazareyen an gen dwa bwè diven. 21 Se
tout regleman yo sa pou moun ki fè ve nazareyen yo swiv.
Y'a fè ofrann yo bay Seyè a dapre ve yo te fè pou yo viv
apa nèt pou Seyè a. Men, si yon moun pwomèt pou li ofri
lòt bagay anplis sa yo mande l' la a, se pou l' fè tou sa li
te pwomèt pou l' fè a. 22 Seyè a di Moyiz konsa: 23 -Pale
ak Arawon ansanm ak pitit gason l' yo. W'a di yo men sa
pou nou di lè n'ap beni pèp Izrayèl la: 24 Se pou Seyè a
beni nou, se pou l' pran swen nou. 25 Se pou Seyè a fè
nou santi li la avèk nou, se pou l' gen pitye pou nou. 26
Se pou Seyè a fè nou wè jan li renmen nou, se pou l' ban
nou kè poze. 27 Se konsa y'a nonmen non m', y'a lapriyè
nan pye m' pou pèp Izrayèl la, epi m'a beni yo.

7 Jou Moyiz te fin moute kay Bondye a, li vide lwil sou
li pou mete l' apa pou Bondye, li fè sèvis pou mete l'
apa pou Bondye ansanm ak tout bagay ki mache avè l'
nan tant lan, lotèl la ak tout bagay ki sèvi sou lotèl la. 2
Apre sa, chèf fanmi moun Izrayèl yo, chèf douz branch
fanmi pèp Izrayèl la, vin pote ofrann yo. Se chèf sa yo ki
te reskonsab fè resansman an. 3 Men sa yo te ofri bay
Seyè a: sis kabwa ak douz towo bèf, ki vle di yon kabwa
pou chak de chèf ak yon bèf pou chak chèf. Yo mennen
yo devan kay Bondye a epi yo ofri yo bay Bondye. 4 Lè
sa a, Seyè a di Moyiz konsa: 5 -Ou mèt asepte kado sa
yo nan men yo. W'a sèvi ak yo nan travay ki gen pou
fèt nan Tant Randevou a. W'a bay moun fanmi Levi yo
kabwa yo, dapre travay ki sou kont yo. 6 Se konsa, Moyiz
pran kabwa yo ak bèf yo, li bay moun Levi yo. 7 Li bay
moun fanmi Gèchon yo de kabwa ak kat bèf, dapre travay
li konnen ki sou kont yo. 8 Li bay moun fanmi Merari yo
kat kabwa ak wit bèf, dapre travay li konnen ki sou kont
yo, travay pou yo fè sou lòd Itama, pitit Arawon, prèt la. 9
Men li pa bay noun Keyat yo anyen, paske se sou zepòl
yo pou yo pote tout bagay ki nan kote ki apa nèt pou
Bondye a. 10 Chèf yo te fè lòt ofrann pou lotèl la, jou yo
t'ap vide lwil sou li pou mete l' apa pou sèvis Bondye a. Yo
mete ofrann yo devan lotèl la. 11 Seyè a di Moyiz konsa: -
Chèf yo va pote ofrann yo pou sèvis y'ap fè pou mete lotèl
la apa pou mwen. Y'a vini yonn apre lòt, yonn chak jou.
12 Chèf yo vini vre, yo fè ofrann yo yonn apre lòt. Premye
jou a, se te tou pa Nakchon, pitit gason Aminadab la,
chèf branch fanmi Jida a. 13 Men sa li te ofri: yon bòl an
ajan ki peze twa liv enka, yon plat an ajan ki peze yon liv
twaka, dapre sistèm yo sèvi nan tanp lan. Ni bòl la ni plat
la te plen farin frans melanje ak lwil ki te sèvi pou ofrann
grenn jaden yo. 14 Li te ofri tou yon kiyè an lò, ki peze
yon ka liv, plen lansan, 15 yon jenn ti towo bèf, yon belye
mouton ak yon ti mouton ki poko gen ennan, tou sa pou
yo boule nèt pou Seyè a. 16 Li te ofri ankò yon bouk pou
yo touye pou repare sa yo fè ki mal, 17 de towo, senk
belye, senk bouk, senk ti mouton ki poko gen ennan pou
ofrann pou di Bondye mèsi. Se ofrann sa a Nakchon, pitit
gason Anminadab la, te ofri bay Seyè a. 18 Dezyèm jou
a, se te tou pa Netanèl, pitit gason Zwa a, chèf branch
fanmi Isaka a. 19 Li ofri menm bagay ak Nakchon. 20 Li
ofri menm bagay ak Nakchon. 21 Li ofri menm bagay
ak Nakchon. 22 Li ofri menm bagay ak Nakchon. 23 Li
ofri menm bagay ak Nakchon. 24 Twazyèm jou a, se
te tou pa Eliyab, pitit gason Elon an, chèf branch fanmi
Zabilon an. 25 Li ofri menm bagay ak Nakchon. 26 Li
ofri menm bagay ak Nakchon. 27 Li ofri menm bagay
ak Nakchon. 28 Li ofri menm bagay ak Nakchon. 29 Li
ofri menm bagay ak Nakchon. 30 Katriyèm jou a, se te
pou pa Elizou, pitit gason Chedeyou a, chèf branch fanmi
Woubenn lan. 31 Li ofri menm bagay ak Nakchon. 32 Li
ofri menm bagay ak Nakchon. 33 Li ofri menm bagay ak
Nakchon. 34 Li ofri menm bagay ak Nakchon. 35 Li ofri
menm bagay ak Nakchon. 36 Senkyèm jou a, se te tou pa
Cheloumyèl, pitit gason Sourichadayi a, chèf branch fanmi
Simeyon an. 37 Li ofri menm bagay ak Nakchon. 38 Li
ofri menm bagay ak Nakchon. 39 Li ofri menm bagay ak
Nakchon. 40 Li ofri menm bagay ak Nakchon. 41 Li ofri
menm bagay ak Nakchon. 42 Sizyèm jou a, se te tou pa
Elyasaf, pitit gason Dewèl la, chèf branch fanmi Gad la.
43 Li ofri menm bagay ak Nakchon. 44 Li ofri menm bagay
ak Nakchon. 45 Li ofri menm bagay ak Nakchon. 46 Li
ofri menm bagay ak Nakchon. 47 Li ofri menm bagay ak
Nakchon. 48 Setyèm jou a, se te tou pa Elichama, pitit
gason Amiyoud la, chèf branch fanmi Efrayim lan. 49 Li
ofri menm bagay ak Nakchon. 50 Li ofri menm bagay
ak Nakchon. 51 Li ofri menm bagay ak Nakchon. 52 Li
ofri menm bagay ak Nakchon. 53 Li ofri menm bagay ak
Nakchon. 54 Uityèm jou a, se te tou pa Gamliyèl, pitit
gason Pedachou a, chèf branch fanmi Manase a. 55 Li
ofri menm bagay ak Nakchon. 56 Li ofri menm bagay
ak Nakchon. 57 Li ofri menm bagay ak Nakchon. 58 Li
ofri menm bagay ak Nakchon. 59 Li ofri menm bagay
ak Nakchon. 60 Nevyèm jou a, se te tou pa Abidan, pitit
gason Gideyoni an, chèf branch fanmi Benjamen an. 61 Li
ofri menm bagay ak Nakchon. 62 Li ofri menm bagay
ak Nakchon. 63 Li ofri menm bagay ak Nakchon. 64 Li
ofri menm bagay ak Nakchon. 65 Li ofri menm bagay
ak Nakchon. 66 Dizyèm jou a, se te tou pa Ayezè, pitit
gason Amichadayi a, chèf branch fanmi Dann lan. 67 Li
ofri menm bagay ak Nakchon. 68 Li ofri menm bagay
ak Nakchon. 69 Li ofri menm bagay ak Nakchon. 70 Li
ofri menm bagay ak Nakchon. 71 Li ofri menm bagay ak
Nakchon. 72 Onzyèm jou a, se te tou pa Pagiyèl, pitit
gason Okran an, chèf branch fanmi Asè a. 73 Li ofri menm
bagay ak Nakchon. 74 Li ofri menm bagay ak Nakchon.
75 Li ofri menm bagay ak Nakchon. 76 Li ofri menm bagay
ak Nakchon. 77 Li ofri menm bagay ak Nakchon. 78
Douzyèm jou a, se te tou pa Ayira, pitit gason Enan an,
chèf branch fanmi Neftali a. 79 Li ofri menm bagay ak
Nakchon. 80 Li ofri menm bagay ak Nakchon. 81 Li ofri

menm bagay ak Nakchon. **82** Li ofri menm bagay ak
Nakchon. **83** Li ofri menm bagay ak Nakchon. **84** Men
ofrann tout chèf yo te pote pou lotèl la, jou yo t'ap vide lwil
sou li pou mete l' apa pou sèvis Bondye a: douz bòl an
ajan, douz plat an ajan, douz kiyè an lò. **85** Chak bòl an
ajan te peze twa liv enka, chak plat an ajan te peze yon
liv twaka. Sa te fè antou swasant liv ajan, dapre sistèm yo
sèvi nan tanp lan. **86** Chak kiyè an lò pou lansan an te
peze yon ka liv, dapre sistèm pèz yo sèvi nan kay Bondye
a. Sa te fè antou pou douz kiyè yo twa liv lò. **87** Men
kantite bèt yo te ofri antou pou boule nèt pou Seyè a
ansanm ak ofrann grenn jaden ki mache ak yo: douz
towo, douz belye, douz ti mouton ki poko gen ennan. Yo
te bay douz bouk tou pou yo touye pou repare sa yo fè ki
mal. **88** Men kantite bèt yo te ofri an total pou di Bondye
mèsi: vennkat jenn ti towo, swasant belye, swasant bouk
ak swasant ti mouton ki poko gen ennan. Se ofrann sa a
yo te fè pou mete lotèl la apa nèt pou sèvis Seyè a, apre
yo te fin vide lwil sou li. **89** Chak fwa Moyiz te antre nan
Tant Randevou a pou l' pale ak Seyè a, li te tande vwa
Seyè a ki t'ap pale avè l' anwo kouvèti espesyal ki sou
Bwat Kontra a, nan mitan de zanj cheriben yo.

8 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **2** -Pale ak Arawon.
W'a di l' konsa: Lè l'ap fè moute sèt ti lanp yo sou pye
gwo lanp sèt branch lan, ranje yo yon jan pou yo klere sou
devan gwo lanp sèt branch lan. **3** Arawon swiv lòd Seyè a
te bay Moyiz la: li fè moute ti lanp yo pou yo ka klere sou
devan gwo lanp sèt branch lan. **4** Men ki jan gwo lanp lan
te fèt: tout kò a nèt te fèt ak pi bon lò ki genyen. Yo te fè
depi pye gwo lanp lan jouk flè yo nan yon sèl gwo moso
lò, dapre modèl Seyè a te fè Moyiz wè nan vizyon an. **5**
Seyè a pale ak Mwiz, li di l' konsa: **6** -Wete moun Levi yo
nan mitan rès pèp Izrayèl la. Mete yo nan kondisyon pou
yo ka fè sèvis pou mwen. **7** Men ki jan w'a fè l': W'a pran
nan dlo pou wete peche a, w'a voye l' sou yo. Apre sa,
y'a koupe cheve ak pwal sou tout kò yo nèt, epi y'a lave
rad ki sou yo. Se konsa y'a nan kondisyon pou fè sèvis
pou mwen. **8** Apre sa, moun Levi yo va pran yon jenn ti
towo ansanm ak ofrann grenn jaden ki pou mache avè l'
la, ki vle di ti gout farin frans melanje ak lwil. Ou menm,
w'a pran yon dezyèm ti towo tou jenn pou ou touye pou
repare sa yo fè ki mal. **9** Apre sa, w'a fè moun Levi yo
pwoche dèvan pòt Tant Randevou a, epi w'a fè tout moun
pèp Izrayèl yo sanble. **10** Y'a poze men yo sou tèt moun
Levi yo. **11** Lèfini, Arawon va pran moun Levi yo, l'a vire
yo adwat, l'a vire yo agoch devan mwen menm, Seyè
a, tankou yon ofrann espesyal moun pèp Izrayèl yo ap
fè m' pou moun Levi yo ka fè sèvis mwen. **12** Apre sa,
moun Levi yo va poze men yo sou tèt ti towo bèf yo, w'a
ofri yonn pou mande padon pou peche yo, w'a ofri lòt la
pou yo boule nèt pou mwen. Se konsa y'a fè sèvis pou
mande m' gras pou moun Levi yo. **13** Mete moun Levi yo
apa tankou yon kado espesyal moun yo fè m'. Mete yo
sou zòd Arawon ak pitit gason l' yo. **14** W'a wete moun
Levi yo nan mitan rès pèp Izrayèl la, konsa moun Levi yo
va pou mwen nèt ale. **15** Lè w'a fin mete moun Levi yo
nan kondisyon pou fè sèvis pou mwen, lè w'a fin vire yo
adwat agoch devan m', tankou yon kado espesyal moun
yo fè m', y'a gen dwa pwoche vin fè travay yo nan Tant
Randevou a. **16** N'a wete yo nan mitan rès pèp Izrayèl
la, n'a fè m' kado yo nèt. Mwen va pran yo pou mwen
nan plas tout premye pitit gason moun pèp Izrayèl yo. **17**
Paske, tout premye pitit gason moun pèp Izrayèl yo ak
tout premye ti mal bèt yo fè se pou mwen yo ye. Depi jou
mwen te touye tout premye pitit moun peyi Lejip yo, wi
depi jou sa a mwen mete premye pitit nou yo apa pou
mwen. **18** Koulye a, mwen pran moun Levi yo nan plas
premye pitit moun pèp Izrayèl yo. **19** Mwen pran moun
Levi yo tankou yon kado moun yo fè m', mwen renmèt
yo nan men Arawon ak pitit gason l' yo pou yo fè travay
moun Izrayèl yo gen pou yo fè nan Tant Randevou a, pou
mande Bondye gras pou pèp la. Konsa, okenn malè p'ap
rive tonbe sou pèp la paske yo p'ap janm bezwen pwoche
twò pre kote ki apa nèt pou mwen nan tanp lan. **20** Se
konsa, Moyiz, Arawon ak tout pèp Izrayèl la mete moun
Levi yo apa nèt pou Seyè a, jan li te bay Moyiz lòd la.
Wi, yo te fè tou sa pou yo te fè pou moun Levi yo. **21**
Moun Levi yo fè sèvis pou peye pou tou sa yo te fè ki
mal, yo lave rad ki sou yo. Arawon mete yo apa devan
Seyè a, li vire yo adwat agoch devan Seyè a tankou yon
kado espesyal pou Bondye, epi li fè sèvis pou mande
gras pou yo te ka nan kondisyon sèvi Bondye. **22** Apre
sa, moun Levi yo antre al fè travay yo nan Tant Randevou
a sou lòd Arawon ak pitit gason l' yo. Se konsa pèp la te
fè pou moun Levi yo tou sa Seyè a te bay Moyiz lòd fè
a. **23** Seyè a pale ak Moyiz ankò, li di l' konsa: **24** -Sa
mwen pral di ou la a, se pou moun Levi yo: Depi yo rive
laj vennsenkan y'a fè pati gwoup moun k'ap travay nan
Tant Randevou a. **25** Lè y'a gen senkantan, y'a pran retrèt
yo, yo p'ap reskonsab okenn travay ankò nan tant lan. **26**
Men, y'a gen dwa ede moun Levi parèy yo nan nenpòt
travay y'ap fè nan Tant Randevou a. Men yo menm poutèt
pa yo, yo p'ap reskonsab okenn travay ankò. Se konsa
w'a bay moun Levi yo travay pou yo fè.

9 Nan premye mwa dezyèm lanne apre yo te soti kite
peyi Lejip la, Seyè a pale ak Moyiz nan dezè Sinayi a,
li di l' konsa: **2** -Se pou tout moun pèp Izrayèl yo fete fèt
delivrans lan dat mwen te di yo fete l' la. **3** Katòzyèm jou
premye mwa a, lè solèy fin kouche, n'a fete fèt la dapre
tout lòd ak regleman mwen te ban nou pou sa. **4** Moyiz di
pèp Izrayèl la pou yo fete fèt delivrans lan. **5** Epi yo fete
fèt la nan aswè katòzyèm jou premye mwa a, nan dezè
Sinayi a. Pèp la fè tout bagay jan Seyè a te bay Moyiz lòd
fè a. **6** Men, vwala te gen kèk moun ki pa t' nan kondisyon
pou fè sèvis pou Bondye, paske yo te manyen kadav yon
moun mouri. Yo pa t' kapab fete fèt delivrans lan jou sa a.
Yo leve, y' al jwenn Moyiz ak Arawon. **7** Yo di yo: -Nou pa
nan kondisyon pou nou fè sèvis pou Bondye, paske nou

te manyen yon kadav moun mouri. Men, poukisa nou pa
ta ka pote ofrann nou yo bay Seyè a jou sa a, ansanm ak
tout moun pèp Izrayèl yo? 8 Moyiz reponn yo: -Rete tann
jouk Seyè a va ban m' lòd sa pou m' di nou. 9 Seyè a
pale ak Moyiz, li di l' konsa: 10 -Pale ak moun pèp Izrayèl
yo, w'a di yo pou mwen: Lè yonn nan nou, osinon yonn
nan pitit pitit nou yo, twouve li pa ta nan kondisyon pou fè
sèvis pou Bondye, paske li te manyen kadav yon moun
mouri, ou ankò si li ta nan vwayaj byen lwen, l'a toujou ka
fete fèt Delivrans lan pou Bondye. 11 Y'a tann katòzyèm
jou dizyèm mwa a, lè sòlèy fin kouche, pou yo fè l'. Y'a
manje manje Delivrans lan avèk pen san ledven yo epi ak
fèy lanman. 12 Yo p'ap gen dwa kite anyen pou denmen
maten, ni yo pa fèt pou yo kraze okenn zo bèt yo touye a.
Y'a fè tout bagay dapre regleman mwen bay pou fete fèt
Delivrans lan. 13 Men, si yon moun ki nan kondisyon pou
fè sèvis pou mwen epi ki pa nan vwayaj ta rive pa fete fèt
Delivrans lan, se pou yo mete l' deyò nèt nan mitan fanmi
l' yo, paske li pa t' ofri ofrann li bay Seyè a dat pou l' te fè
l' la. Se pou l' peye pou sa l' fè a. 14 Si gen moun lòt
nasyon k'ap viv nan mitan nou, li menm tou se pou l' fete
fèt Delivrans Seyè a, dapre lòd ak regleman fèt la. Va gen
yon sèl regleman pou tout moun, ni pou moun natif natal
peyi a, ni pou moun lòt nasyon yo. 15 Jou yo t'ap moute
Tant Randevou a, yon nwaj vini epi li kouvri tant kote Bwat
Kontra a ye a. Lè aswè rive, ou ta di yon gwo dife ki te
parèt anwo tant lan jouk nan maten. 16 Se konsa sa te
toujou ye: lajounen nwaj la te kouvri l', lannwit li te klere
tankou yon dife. 17 Chak fwa nwaj la fè yon leve anwo
tant lan, la menm moun pèp Izrayèl yo leve, epi yo pati.
Lè li desann poze sou tant lan, yo rete, yo moute tant
yo la. 18 Konsa, se sou kòmandman Seyè a yo te leve
pati, e se sou kòmandman li tou yo te rete moute tant yo.
Toutotan nwaj la te rete anwo tant lan, yo menm tou, yo te
rete kote yo te ye a. 19 Si nwaj la te rete anpil jou anwo
tant lan san deplase, moun pèp Izrayèl yo te swiv lòd
Seyè a, yo menm tou yo pa t' deplase. 20 Gen de fwa
nwaj la pa t' rete lontan anwo tant lan san deplase. Men,
se te toujou konsa: se sou kòmandman Seyè a yo te leve
pati, se sou kòmandman li tou yo te rete moute tant yo.
21 Gen de lè nwaj la rete sèlman pou yon nwit anwo tant
lan, depi aswè jouk nan denmen maten. Leve nwaj la leve
nan maten, yo menm tou yo leve, yo pati. Gen de fwa tou,
li te rete yon jou yon nwit. Leve nwaj la leve, yo menm tou
yo leve, yo pati. 22 Toutotan nwaj la te rete la anwo tant
lan san deplase, li te mèt de jou, yon mwa, yon lanne, yo
menm tou, yo pa t' deplase. Men, leve nwaj la leve, yo
leve, yo pati. 23 Konsa, yo moute tant yo sou lòd Seyè a,
yo leve yo pati sou lòd Seyè a: Yo te fè tou sa Seyè a te
di Moyiz di yo fè.

10 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: 2 -Fè yo fè
de twonpèt an ajan pou ou. Y'a pran yon gwo moso
ajan, y'a bat l' ak mato pou fè chak twonpèt yo. W'a sèvi
ak yo pou avèti moun yo lè pou yo reyini ak lè lè a rive
pou yo leve pati. 3 Depi yo kònen twonpèt yo ansanm,
se pou tout moun kouri reyini bò kote ou devan pòt Tant
Randevou a. 4 Si se yon sèl twonpèt yo kònen, se tout
chèf branch fanmi yo ase ki va reyini bò kote ou. 5 Lè y'a
tande twonpèt yo kònen yon premye fwa ansanm ak bri
moun k'ap rele, se va siyal pou branch fanmi ki rete bò
solèy leve a leve pati. 6 Lè y'a tande twonpèt yo kònen
yon dezyèm fwa ansanm ak bri moun k'ap rele yo, se va
siyal pou branch fanmi ki rete bò sid la leve pati. 7 Men lè
y'ap reyini tout moun yo, y'a kònen twonpèt yo sèlman,
san pesonn pa bezwen rele. 8 Se prèt yo, pitit gason
Arawon yo, ki pou kònen twonpèt yo. Men regleman pou
nou swiv tout tan tout tan, de pitit an pitit. 9 Lè nan peyi a,
nou pral fè lagè kont lènmi ki vin atake nou, n'a kònen
twonpèt yo epi n'a pouse rèl pou bay siyal batay la. Mwen
menm Seyè a, Bondye nou an, m'a vin ede nou, m'a sove
nou anba men lènmi nou yo. 10 Konsa tou, lè kè nou
kontan, lè n'ap fete fèt yo, lè premye jou chak mwa rive
avèk lalin nouvèl lan, n'a kònen twonpèt yo tou pandan
n'ap fè ofrann pou boule nèt pou Seyè a ak ofrann pou di
Bondye mèsi. Lè sa a m'a vin ede nou. Se mwen menm ki
Seyè a, Bondye nou an. 11 Ventyèm jou, dezyèm mwa
nan dezyèm lanne depi pèp la te soti kite peyi Lejip, nwaj
la rete, li leve anwo Tant Randevou a. 12 Epi moun pèp
Izrayèl yo leve, yo pati, chak fanmi nan pozisyon yo te ba
yo a. Yo kite dezè Sinayi a. Apre yon tan, nwaj la rete
nan dezè Paran an. 13 Se konsa yo konmanse vwayaje
ankò sou kòmandman Seyè a, jan li te di Moyiz di yo sa
pou l' a. 14 Premye moun ki pati se moun k'ap mache
dèyè làbanyè fanmi Jida a, chak divizyon apa. Alatèt
divizyon branch fanmi Jida yo, se te Nakchon, pitit gason
Aminadab la. 15 Se Netanèl, pitit gason Swa a, ki te alatèt
divizyon branch fanmi Isaka a. 16 Epi se Eliyab, pitit
gason Elon an, ki te alatèt divizyon branch fanmi Zabilon
an. 17 Apre sa, yo demoute tant lan, epi moun Gèchon
yo ak moun Merari yo ki la pou pote tant lan pati. 18
Apre yo, moun k'ap mache dèyè làbanyè fanmi Woubenn
lan vini, chak divizyon apa. Alatèt divizyon branch fanmi
Woubenn lan, se te Elizou, pitit gason Chedeyou a. 19
Se Cheloumyèl, pitit gason Sourichadayi a, ki te alatèt
divizyon branch fanmi Simeyon an. 20 Epi se Elyasaf,
pitit gason Dewèl la, ki te alatèt branch fanmi Gad la. 21
Apre yo, se te moun Keyat yo ki reskonsab pou pote tout
bagay ki apa nèt pou Bondye yo. Tan pou yo rive kote
yo pral rete a, tant lan va gen tan moute ankò ap tann
yo. 22 Apre yo, moun k'ap mache dèyè làbanyè fanmi
Efrayim lan vini, chak divizyon apa. Alatèt divizyon branch
fanmi Efrayim lan, se Elichama, pitit gason Amiyou a,
ki t'ap mache. 23 Se Gamaliyèl, pitit gason Pedachou
a, ki te alatèt divizyon branch fanmi Manase a. 24 Epi
se Abidan, pitit gason Gideyoni an, ki te alatèt divizyon
branch fanmi Benjamen an. 25 Apre yo, moun k'ap mache
dèyè làbanyè fanmi Dann lan vini, chak divizyon apa. Se
yo k'ap pwoteje tout pèp la pa dèyè nèt. Alatèt divizyon
branch fanmi Dann lan se Ayezè, pitit gason Amichadayi
a, ki t'ap mache. 26 Se Pagiyèl, pitit gason Okran an, ki

te alatèt divizyon branch fanmi Asè a. 27 Epi se Ayira,
pitit gason Enan an, ki te alatèt divizyon branch fanmi
Neftali a. 28 Men nan ki lòd moun pèp Izrayèl yo t'ap
mache, chak divizyon nan pozisyon yo, lè yo leve pou yo
pati. 29 Moyiz rele bòfrè l' a, Obab, pitit gason Ragèl,
moun peyi Madyan an, li di l' konsa: -Nou pral pati la a
pou n' ale nan peyi Seyè a te di l'ap ban nou an. Seyè a
te pwomèt li t'ap fè anpil byen pou nou. Vini avèk nou
non! N'a pataje tout byen nou yo avè ou. 30 Obab reponn
li: -Non. M'ap tounen nan peyi m' al jwenn fanmi m'. 31
Moyiz di l' konsa: -Tanpri, pa kite nou pou kont nou. Se ou
ki konnen dènye kote nou ka moute tant nou yo nan dezè
a. W'a sèvi nou gid. 32 Si ou vini ak nou, w'a gen pa ou
nan tout byen Seyè a ap ban nou. 33 Se konsa, pèp la
leve li pati, li kite mòn Sinayi a, mòn Seyè a, yo mache
twa jou. Epi Bwat Kontra Seyè a pran devan yo tout pou
chache yon kote pou yo moute tant yo. 34 Chak fwa y'ap
kite yon kote pou yo ale yon lòt kote, nwaj Seyè a te rete
anlè tèt yo nan syèl la tout lajounen. 35 Chak fwa Bwat
Kontra a pati, Moyiz di: -Leve non, Seyè! Gaye lènmi ou
yo! Fè tout moun ki rayi ou yo kouri lè ou parèt! 36 Lè
Bwat Kontra a kanpe, Moyiz di: -Tounen non, Seyè! Vin
rete nan mitan tout lame moun pèp Izrayèl yo!

11 Pèp la te konmanse ap plenyen nan zòrèy Seyè
a jan zafè yo pa t' bon. Lè Seyè a tande sa, li fè yon
sèl kòlè, li voye dife sou pèp la. Dife a pran nan mitan yo,
li boule yon bò nan kan an nèt. 2 Pèp la rele Moyiz vin
delivre yo. Moyiz lapriyè Seyè a pou yo epi dife a sispann.
3 Se konsa yo rele kote yo te ye a Tabera, paske se la dife
Seyè a te pran nan mitan yo a. 4 Bann moun lòt nasyon
ki te la nan mitan pèp Izrayèl la te anvi manje vyann. Pèp
la menm te pran plenyen ankò, yo t'ap di: -Ki moun k'ap
fè nou jwenn vyann pou nou manje koulye a? 5 Jan nou
te konn manje pwason pou gremesi nan peyi Lejip! Nou
chonje kalite bon ti konkonm, melon dlo, powo, zonyon,
ak lay nou te konn manje! 6 Men koulye a, se deperi n'ap
deperi. Nou pa gen anyen pou nou manje, anyen menm
pase laman lan ki devan je nou tout tan! 7 Laman lan te
gen fòm grenn pitimi, li te blan epi ou ta di se gonm arabik.
8 Pèp la ale toupatou, li ranmase yo. Apre sa, oubyen li te
pase yo nan moulen wòch, oubyen li te pile yo nan pilon
pou fè farin. Lèfini, yo kwit li nan chodyè, yo fè gato plat
avè l'. Li te gen menm gou avèk pen ki fèt ak lwil oliv. 9
Se lannwit laman lan te konn tonbe nan kan an, menm lè
ak lawouze. 10 Moyiz te tande jan pèp la t'ap plenyen,
chak moun ak fanmi yo devan papòt tant yo. Seyè a te
fache anpil sou moun yo. Sa te fè Moyiz lapenn. 11 Lè
sa a, Moyiz di Seyè a konsa: -Poukisa ou aji mal avè m'
konsa? Kisa m' fè ki pa fè ou plezi? Poukisa ou mete tout
pèp sa a sou kont mwen? 12 Eske se mwen ki papa yo?
Eske se mwen ki manman yo? Poukisa w'ap mande m'
pou mwen pote yo sou lestonmak mwen tankou nouris
k'ap bay timoun tete, jouk yo rive nan peyi ou te pwomèt
zansèt yo ou t'ap ba yo a? 13 Kote pou m' jwenn vyann
pou m' bay tout moun sa yo? Y'ap plede plenyen nan
zòrèy mwen, y'ap mande m' pou m' ba yo vyann pou yo
manje. 14 Mwen pa kapab reskonsab tout pèp sa a pou
kont mwen. Chay la twò lou pou mwen. 15 Si se konsa
w'ap aji avè m', tanpri, fè m' favè sa a: pito ou tou touye
m' fin ak sa, pou m' pa wè m'ap pase tout malè sa a. 16
Seyè a di Moyiz konsa: -Sanble swasanndis nan chèf
fanmi pèp Izrayèl la, moun ou konnen ki gen otorite sou
pèp la, ki konn bout yo. Mennen yo nan Tant Randevou a.
Fè yo rete kanpe la avèk ou. 17 M'ap desann epi m'a
pale avè ou. M'a pran ti gout nan lespri mwen te ba ou a,
m'a ba yo. Konsa, y'a ede ou pote reskonsablite pèp la,
ou p'ap pote chay la pou kont ou ankò. 18 W'a di pèp
la menm: Pran nwit la pou nou pare kò nou pou nou ka
fè sèvis pou mwen denmen maten. Epi n'a jwenn vyann
pou nou manje. Seyè a te tande jan nou t'ap plenyen nan
zòrèy li, jan nou t'ap di nou ta renmen jwenn vyann pou
nou manje. Nou te pi bon lè nou te nan peyi Lejip. Koulye
a, Seyè a pral ban nou vyann. Se pou nou manje l' ban
mwen. 19 Se pa sèlman yon jou, ni de jou, ni senk jou, ni
dis jou, ni vin jou n'a jwenn vyann sa a pou nou manje. 20
Se va pandan tout yon mwa. N'a gen pou nou manje l'
jouk l'a soti nan twou nen nou, jouk n'a rebite l', paske
nou te vire do bay Bondye ki te la nan mitan nou an,
nou t'ap plenyen nan zòrèy li, nou t'ap di nou pa t' dwe
janm soti kite peyi Lejip. 21 Moyiz di Seyè a: -Se sisanmil
(600.000) moun wi ki sou kont mwen. Epi ou di w'ap ba
yo vyann kont pou yo manje yon mwa. 22 Kote pou yo
jwenn kantite mouton ak bèf pou touye ki pou ta kont pou
yo? Si yo ta ka ranmase tout pwason ki nan lanmè, ou
kwè li ta ase pou yo? 23 Seyè a di Moyiz: -Pa gen bagay
mwen vle fè mwen pa ka fè! Talè konsa w'a wè si sa m'
di a p'ap rive vre. 24 Se konsa Moyiz soti, li di pèp la
tou sa Seyè a te di l'. Li pran swasanndis nan chèf fanmi
pèp Izrayèl la, li mete yo kanpe fè wonn kay Bondye a.
25 Seyè a desann nan yon nwaj, li pale ak Moyiz ankò.
Apre sa, li pran ti gout nan lespri li te bay Moyiz la, li
bay swasanndis chèf yo. Lè lespri a vin sou yo, yo tonbe
pale tankou pwofèt yo sou tout kalite bagay. Apre sa, yo
sispann. 26 Te gen de nan chèf fanmi yo te chwazi yo ki
te rete nan kan an. Yo pa t' ale nan kay Bondye a. Yonn
te rele Eldad, lòt la Medad. Lespri a te desann sou yo tou,
yo t'ap pale pawòl Bondye a byen fò nan kan an. 27 Yon
jenn gason kouri al di Moyiz men Eldad ak Medad ap pale
pawòl Bondye a byen fò nan kan an. 28 Lè sa a Jozye,
pitit gason Noun lan, ki te adjwen Moyiz nan tou sa l' t'ap
fè depi li te jenn tibway, pran lapawòl, li pale ak Moyiz, li
di l' konsa: -Msye Moyiz, fè yo sispann non! 29 Moyiz
reponn li: -Kouman? Ou gen lè w'ap fè jalouzi pou mwen?
Pa pito Seyè a te mete lespri l' sou tout pèp la pou yo te
ka pale tankou pwofèt! 30 Apre sa, Moyiz tounen nan kan
an ansanm ak swasanndis chèf fanmi yo. 31 Apre sa,
Seyè a fè yon sèl van soufle sot nan lanmè, li bwote yon
bann zòtolan ki vin tonbe toupatou nan kan kote moun yo
te rete a ak toutotou kan an. Yon moun ta gen dwa mache
tout yon jounen nan nenpòt direksyon anvan pou l' ta kite

kote zòtolan yo te tonbe a. Zòtolan yo te fè pil rive twa
pye wotè sou tè a. 32 Pèp la pase tout jounen an, tout
nwit la, ak tout jounen denmen an ap ranmase zòtolan.
Sa ki te ranmase pi piti a te ranmase dis barik pou tèt
pa l'. Yo blayi yo atè toupatou nan kan an pou mete yo
cheche. 33 Yo te fèk konmanse manje vyann, lè Seyè a fè
kòlè sou pèp la, li lage yon sèl epidemi sou yo pou pini
yo. 34 Yo rele kote sa a: Simityè Grangou, paske se la yo
te antere tout moun nan pèp la ki t'ap plenyen pou vyann.
35 Apre sa, pèp la kite Simityè Grangou kote yo te ye a,
yo pati pou Azewòt kote yo moute kay yo.

12 Moyiz te marye ak yon fanm peyi Etiopi. Miryam
ak Arawon t'ap pale Moyiz mal sou sa. 2 Yo t'ap di
konsa: -Eske se sèlman Moyiz Seyè a te pran pou pale
ak pèp la? Eske li pa konn pale ak nou pou pèp la tou?
Seyè a tande sa yo t'ap di a. 3 Men Moyiz se yon nonm ki
pa t' grandizè. pa t' gen pase l' sou latè. 4 Seyè a rete
konsa li pale ak Moyiz, Arawon ak Miryam, li di yo: -Nou
twa sa yo, soti non. Ale nan Tant Randevou a. Yo twa a
ale vre. 5 Seyè a desann nan yon gwo nwaj ki te gen
fòm yon poto. Li kanpe nan papòt tant lan, li rele Arawon
ak Miryam ki pwoche vin jwenn li. 6 Li di yo konsa: -
Tande byen sa m'ap di nou la a. Lè gen yon pwofèt nan
mitan nou, se nan vizyon mwen fè l' wè mwen, se nan
rèv mwen pale avè l'. 7 Men, se pa menm bagay la ak
Moyiz, sèvitè m' lan. Li se sèl moun mwen fè konfyans
nan mitan tout pèp la. 8 Mwen pale avè l' aklè, mwen pa
ba li parabòl. Mwen fè l' wè mwen. Ki jan nou fè penmèt
nou pale Moyiz, sèvitè m' lan, mal? 9 Seyè a te fè yon sèl
fache sou yo, epi l' ale. 10 Nwaj la leve anwo tant lan, l'
ale. Menm lè a, yon sèl maladi tonbe sou Miryam: tout po
kò l' vin blanch kou koton. Arawon gade Miryam, li wè
Miryam te kouvri ak bouton sou tout po li. 11 Arawon di
Moyiz konsa: -Tanpri, mèt mwen. Pa kite nou peye pou
sa nou fè a. Tèt nou pa t' la! 12 Tanpri, pa kite Miryam
tounen tankou yon tibebe ki fèt tou mouri ak tout mwatye
nan kò l' manje. 13 Se konsa, Moyiz rele nan pye Bondye,
li di l' konsa: -Bondye, tanpri, geri l' non! 14 Men, Seyè a
di Moyiz: -Si se te papa l' ki te krache nan figi l', li t'ap blije
pote wont la pandan sèt jou, pa vre? Enben, se pou yo
fèmen l' pou kont li pandan sèt jou yon kote andeyò limit
kan an. Apre sa, y'a kite l' tounen. 15 Yo fèmen Miryam
pou kont li pandan sèt jou yon kote andeyò limit kan an.
Pèp la pa t' leve pati toutotan yo pa t' kite Miryam tounen
nan kan an ankò. 16 Apre sa, pèp la kite Azewòt kote yo
te ye a, yo pati al moute tant yo nan dezè Paran an.

13 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: 2 -Ou pral
chwazi douz nan chèf fanmi pèp Izrayèl yo, yonn
pou chak branch fanmi. Ou pral voye yo pou y' al wè ki
jan peyi Kanaran an ye, peyi m'ap bay moun Izrayèl yo.
3 Dapre lòd Moyiz te resevwa nan men Seyè a, li pran
douz gason ki te chèf fanmi nan pèp Izrayèl la. Antan
li te nan dezè Paran an, li voye yo al rekonèt peyi a. 4
Men non yo: Pou branch Woubenn lan, se te Chamwa,
pitit gason Zakou a. 5 Pou branch fanmi Simeyon an, se
te Chafa, pitit gason Ori a. 6 Pou branch fanmi Jida a,
se te Kalèb, pitit gason Jefoune a. 7 Pou branch fanmi
Isaka a, se te Jigal, pitit gason Jozèf la. 8 Pou branch
fanmi Efrayim lan, se te Oze, pitit gason Noun lan. 9 Pou
branch fanmi Benjamen an, se te Palti, pitit gason Rafou
a. 10 Pou branch fanmi Zabilon an, se te Gadiyèl, pitit
gason Sodi a. 11 Pou branch fanmi Jozèf la, nan branch
Manase a, se te Gadi, pitit gason Souzi a. 12 Pou branch
fanmi Dann lan, se te Amiyèl, pitit gason Jemali a. 13 Pou
branch fanmi Asè a, se te Setou, pitit gason Mikayèl la.
14 Pou branch fanmi Neftali a, se te Nakbi, pitit gason
Wopsi a. 15 Pou branch fanmi Gad la, se te Geouyèl, pitit
gason Maki a. 16 Se te non douz mesye Moyiz te voye al
rekonèt peyi Kanaran an. Moyiz te chanje non Oze, pitit
gason Noun lan, li rele l' Jozye. 17 Lè Moyiz voye yo ale
nan peyi Kanaran an, li di yo: -Moute nan peyi a. N'a pase
pa Negèv la, n'a pran chemen mòn pou nou. 18 Ale gade
peyi a. Chache konnen ki jan li ye, ki kalite moun ki rete
ladan l', konbe yo ye, ak ki fòs yo. 19 Chache konnen si
tè a se yon bon tè osinon yon move tè, si moun yo rete
nan lavil ki gen ranpa pou pwoteje yo osinon nan kan
anba tant twal. 20 Chache konnen si peyi a rich osinon
pòv, si gen anpil pyebwa sou tè a ou si pa genyen. Nou
pa bezwen pè anyen. Lè n'ap tounen, pote kèk nan fwi ki
donnen laba a. Se te sezon rezen te konmanse ap mi.
21 Se konsa mesye yo moute, y' al chache konnen tout
bagay ki gen nan peyi a, depi dezè Zin ki nan sid peyi a
rive jouk Reyòb toupre pas Amat la, nan nò. 22 Yo travèse
zòn Negèv la, yo rive lavil Ebwon kote moun Ayiman yo,
moun Chechayi yo ak moun Talmayi yo rete. Yo tout te fè
pati ras moun Anak yo. Ebwon sa a, se yon lavil ki te bati
sètan anvan yo te bati lavil Zoan nan peyi Lejip. 23 Yo
rive nan ravin Echkòl, yo koupe yon branch rezen ki te
gen yon sèl gwo grap rezen nan li. Yo mete l' sou yon gòl
pou de moun te ka pote l' sou zepòl yo, si tèlman li te
lou. Yo pote grenad ak fig frans tou. 24 Yo rele kote sa a
Ravin Echkòl, poutèt gwo grap rezen moun pèp Izrayèl yo
te koupe la a. 25 Apre karant jou, lè yo fin vizite toupatou
nan peyi a, yo tounen, 26 yo vin jwenn Moyiz, Arawon ak
tout moun pèp Izrayèl yo Kadès, nan dezè Paran an. Yo
detaye ba yo tou sa yo te wè, yo moutre yo fwi yo te pote
yo. 27 Yo di Moyiz konsa: -Nou vizite toupatou nan peyi
ou te voye nou al chache konnen an. Se yon peyi ki rich
anpil, kote lèt ak siwo myèl koule tankou dlo. Se vre wi.
Gade fwi nou jwenn ladan l'. 28 Men, moun ki rete nan
peyi a gwonèg anpil. Lavil yo gran, yo byen pwoteje. Sa ki
pi rèd nou wè yon kalite ras moun gwonèg bèl wotè. 29
Moun Amalèk yo rete nan sid peyi a, nan zòn Negèv la.
Moun It yo, moun Jebis yo ak moun Amon yo rete nan
mòn yo. Moun Kanaran yo rete bò lanmè Mediterane a
ak bò larivyè Jouden an. 30 Kalèb fè moun yo sispann
bougonnen sou do Moyiz, li di yo konsa: -Ann moute
koulye a. Ann al pran peyi a pou nou. Pa gen anyen la
a nou pa ka fè! 31 Men mesye ki te moute ansanm ak

Kalèb yo di konsa: -Non. Nou pa ka al atake moun sa yo.
Yo pi fò pase nou. 32 Se konsa yo pran pale mal sou peyi
yo te al vizite a devan pèp Izrayèl la. Yo t'ap di: -Peyi nou
ta l' vizite a, peyi nou ta l' chache konnen an, se yon peyi
ki pa menm bay kont manje pou moun k'ap viv sou li yo.
Epi, tout moun nou wè la se moun ki wo anpil. 33 Sa ki pi
rèd, nou wè yon kalite gwonèg bèl wotè, moun ras Anak
yo. Devan moun sa yo se krebete nou ye, tèlman nou piti.
Se konsa nou te santi nou devan yo.

14 Lè sa a, pèp la pran rele byen fò, yo pase tout
nwit la ap kriye san rete. 2 Yo tout t'ap bougonnen
sou Moyiz ak Arawon. Yo vin di yo konsa: -Pito nou te
mouri nan peyi Lejip osinon nan dezè a! 3 Poukisa Seyè
a mennen nou nan peyi sa a? Koulye a, yo pral touye
nou nan lagè, yo pral pran madanm ak pitit nou yo fè
yo tounen esklav. Pa pito nou tounen nan peyi Lejip? 4
Yonn t'ap di lòt: -Ann chwazi yon lòt chèf! Ann tounen nan
peyi Lejip! 5 Lè Moyiz ak Arawon wè sa, yo tonbe fas atè
devan tout pèp la ki te sanble la a. 6 Lè sa a, de nan
mesye espyon yo, Jozye, pitit gason Noun lan, ak Kalèb,
pitit gason Jefoune a, chire rad ki te sou yo sitèlman yo
te fache. 7 Epi yo di pèp la: -Peyi nou te al vizite a se
yon bon bon peyi. 8 Si Seyè a vle fè sa pou nou, l'ap fè
nou antre nan peyi a, l'ap ban nou li. Se yon peyi ki rich
anpil, yon peyi kote lèt ak siwo myèl koule tankou dlo.
9 Sèlman, pa kenbe tèt ak Seyè a! Nou pa bezwen pè
moun k'ap viv nan peyi sa a. N'ap manje yo tankou kann.
Bondye ki t'ap pwoteje yo a kouri mete deyò. Men Seyè
a kanpe la avèk nou. Nou pa bezwen pè yo. 10 Lè sa
a, tout pèp la ranmase wòch pou yo kalonnen Jozye ak
Kalèb. Men, lamenm pouvwa Bondye a parèt anwo Tant
Randevou a, li fè tout pèp la wè l'. 11 Seyè a di Moyiz
konsa: -Kilè pèp sa a va sispann meprize mwen? Kilè y'a
soti pou yo fè m' konfyans? Gade tout bèl bagay mwen te
fè pou yo. Malgre sa, yo pa vle kwè m' toujou! 12 M'ap
voye yon sèl epidemi sou yo, m'ap touye yo tout. M'ap
anpeche yo pran posesyon tè ki pou yo a. Men ou menm,
m'ap fè ou tounen yon nasyon k'ap pi gwo, k'ap pi fò pase
yo. 13 Men, Moyiz di Seyè a konsa: -Se ou menm ak fòs
ponyèt ou ki te fè pèp Izrayèl la soti kite peyi Lejip la. 14
Lè moun pèyi Lejip yo va vin konnen sa ou pral fè pèp la,
y'a rakonte l' bay moun ki rete nan peyi Kanaran yo. Yo
menm tou, yo deja konnen se ou menm, Seyè, ki kanpe
la nan mitan pèp la, se ou menm ki parèt aklè devan je
yo, se nwaj ou, Granmèt, ki rete anwo yo. Se ou menm
ki t'ap mache devan yo lajounen nan yon gwo nwaj ki
te gen fòm yon poto, lannwit nan yon gwo flanm dife ki
te gen fòm yon poto tou. 15 Koulye a, si ou rete konsa
ou touye tout pèp ou a, moun lòt nasyon yo ki te tande
pale ki kalite moun ou ye, yo pral di 16 se kapab ou pa t'
kapab mennen pèp la nan peyi ou te fè sèman w'ap ba yo
a kifè ou touye yo nan dezè a. 17 Non. Seyè! Se koulye a
pou ou fè wè gwo pouvwa ou la, jan ou te pwomèt l' a, lè
ou te di: 18 Se mwen menm ki Seyè a, mwen pa an kòlè
fasil, mwen p'ap janm sispann renmen nou. M'ap toujou
padonnen sa nou fè ki mal ak sa nou te dwe fè nou pa fè.
Men, mwen pa nan kase fèy kouvri sa ak pesonn. Si yon
moun fè yon bagay mal, m'ap pini pitit li, pitit pitit li, ak pitit
pitit pitit li yo pou sa li fè a, jouk sou twazyèm ak katriyèm
jenerasyon. 19 Tanpri, jan ou gen bon kè sa a, padonnen
sa pèp la fè ki mal la, menm jan ou te pran pasyans ak yo
depi yo kite peyi Lejip jouk yo rive isit la. 20 Seyè a di: -
M'ap padonnen yo, jan ou mande m' lan. 21 Men, menm
jan ou wè mwen vivan an, menm jan ou wè pouvwa mwen
toupatou sou latè, 22 okenn nan moun sa yo p'ap rive viv
lontan ase pou yo antre nan peyi a. Yo te wè pouvwa
mwen, yo te wè tout bèl bagay mwen te fè nan peyi Lejip
ak nan dezè a. Men anpil fwa deja, yo chache wè jouk ki
bò mwen ye ak yo, yo pa janm vle koute m' lè m' pale ak
yo. 23 Yo p'ap menm wè peyi mwen te sèmante mwen
t'ap bay zansèt yo a. Yo tout ki vire do ban mwen yo, yo
yonn p'ap wè peyi a. 24 Men, paske Kalèb, sèvitè m' lan,
pa aji tankou yo, li swiv mwen san gad dèyè, m'ap fè l'
antre nan peyi li te al rekonèt la. Pitit pitit li yo va pran peyi
a pou yo. 25 Y'a rete nan plenn kote moun Amalèk yo ak
moun Kanaran yo rete koulye a. Denmen n'ap fè bak, n'a
tounen nan dezè a ankò nan direksyon Lanmè Wouj la.
26 Apre sa, Seyè a pale ak Moyiz ansanm ak Arawon, li di
yo konsa: 27 -Kilè bann moun mechan sa yo va sispann
bougonnen sou do mwen konsa? Mwen bouke tande jan
moun pèp Izrayèl yo ap pale m' mal. 28 Men sa pou ou di
yo pou mwen: Se mwen menm menm, Seyè a, ki di sa.
Menm jan nou wè m' vivan an, mwen fè sèman sa nou te
di k'ap rive nou an, se li k'ap rive nou vre. 29 Y'ap antere
kadav nou tout nan dezè a. Nou tout ki t'ap bougonnen
sou mwen yo, nou tout yo te konte lè resansman an, nou
tout ki gen ventan ak sa ki pi gran yo, nou yonn p'ap antre
nan peyi a. 30 Dakò! Mwen te fè sèman mwen t'ap fè nou
al rete nan peyi a. Men, nou yonn p'ap gen chans lan,
esepte Kalèb, pitit gason Jefoune a, ak Jozye, pitit gason
Noun lan. 31 Nou te di pitit pitit nou yo pral tonbe anba
men lènmi nou yo. Men, se yo menm m'ap fè antre nan
peyi nou menm nou refize al pran an. 32 Men, nou menm
y'ap antere kadav nou yo isit nan dezè a. 33 Pitit nou yo
pral moute desann nan tout dezè a. Pandan karant lanne,
y'a peye pou vire nou te vire do ban mwen an, jouk nou
tout nèt n'a fin mouri nan dezè a. 34 Nou menm, n'a peye
konsekans peche nou an pandan karant lanne, yon lanne
pou chak jou nan karant jou nou te pase ap vizite peyi a.
Lè sa a, n'a konnen sa sa vle di lè m' vire do bay moun.
35 Se mwen menm Seyè a ki di sa: Mwen fè sèman se
konsa mwen pral aji ak bann moun sa yo ki mete tèt yo
ansanm sou do m'. Yo tout gen pou yo disparèt nan dezè
sa a. Wi, se la menm yo tout ap mouri. 36 Mesye Moyiz te
voye al rekonèt peyi a te fè tout pèp la ap bougonnen sou
Moyiz avèk move rapò yo te fè sou peyi a, lè yo te tounen
an. 37 Se konsa yon sèl maladi tonbe sou mesye sa yo ki
te pale peyi a mal konsa. Yo tonbe, yo mouri frèt devan
Seyè a. 38 Nan douz mesye ki te al vizite peyi a, se de
sèlman ki pa t' mouri: se te Jozye, pitit gason Noun lan,

ak Kalèb, pitit gason Jefoune a. **39** Lè Moyiz di moun pèp
Izrayèl yo tout pawòl sa yo, sa te fè yo lapenn anpil. **40**
Nan denmen maten, byen bònè, yo leve pou y' al janbe
lòt bò mòn yo pou yo antre nan peyi a. Yo t'ap di: -Men
nou! Nou pare pou n' ale kote Seyè a di pou n' ale a. Nou
rekonèt sa nou te fè a mal. **41** Men Moyiz di yo: -Pouki
pou n'ap dezobeyi lòd Seyè a ankò? Sa p'ap mache pou
nou non, fwa sa a! **42** Piga nou moute. Seyè a vire do
ban nou, nou pa bezwen ale fè lènmi nou yo bat nou pou
gremesi. **43** Lè n'a rive devan moun Amalèk yo ak moun
Kanaran yo, nou pral mouri nan batay la. Seyè a p'ap
kanpe la avèk nou, paske nou te vire do ba li. **44** Pèp la
fè tèt di, yo moute moute yo sou mòn yo pou yo seye
antre nan peyi a. Men, ni Bwat Kontra Seyè a, ni Moyiz
pa deplase kote yo te ye nan kan an. **45** Se konsa moun
Amalèk yo ak moun Kanaran yo ki te rete nan mòn yo
desann, yo bat yo, yo kouri dèyè yo jouk yon kote yo rele
Oma.

15 Seyè a pale ak Moyiz ankò, li di l' konsa: **2** -Pale
ak moun pèp Izrayèl yo, w'a di yo pou mwen: Lè
n'a antre nan peyi mwen pral ban nou pou nou rete a, **3**
lè n'ap ofri yon towo bèf, osinon yon mouton, oswa yon
kabrit pou yo boule nèt nan dife pou Seyè a, tankou yon
ofrann ki pou fè Seyè a plezi ak bon sant li, kit se paske
nou te fè yon ve, kit se paske nou menm nou te fè lide
fè yon ofrann, osinon paske lè fèt n'ap fete pou mwen
yo rive, **4** wi, lè n'ap fè ofrann konsa pou Seyè a, n'a fè
ofrann grenn ki donnen nan jaden pou mache ak yo tou:
sèt ti mamit farin frans melanje avèk de boutèy ka plen
lwil oliv. **5** Lè n'ap fè ofrann pou yo boule nèt pou Seyè a,
n'a ofri de boutèy ka plen diven pou chak ti mouton n'ap
ofri. **6** Lè se yon belye mouton n'ap ofri, se va katòz ti
mamit farin frans melanje avèk twa boutèy ka plen lwil oliv
n'a ofri pou ofrann grenn ki donnen nan jaden, **7** ansanm
ak twa boutèy ka diven. Ofrann sa yo, lè yo boule nan
dife, y'a fè Seyè a plezi ak bon sant yo. **8** Lè se yon jenn
towo n'ap ofri pou yo boule nèt nan dife osinon pou yo
touye pou Seyè a, kit se paske nou te fè yon ve, kit se
pou di Bondye mèsi, **9** se pou nou pote yon ofrann grenn
ki donnen nan jaden tou: venteyen ti mamit farin frans
melanje ak senk ti boutèy ka lwil oliv. **10** Lèfini, n'a ofri kat
boutèy ka diven avèk li. Ofrann sa a, lè li boule nan dife,
l'a fè Seyè a plezi ak bon sant li. **11** Se sa pou nou bay
ansanm ak chak jenn towo, chak belye mouton osinon
chak bouk kabrit n'ap ofri. **12** Pou chak bèt n'ap ofri an
plis, n'a ofri kantite grenn jaden ki pou mache ak l' a. **13**
Se konsa chak moun natif natal peyi Izrayèl la gen pou
fè l' lè y'ap ofri yon bèt pou boule nèt pou Seyè a, yon
ofrann ki pou fè Seyè a plezi ak bon sant li. **14** Lè yon
moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou pou yon ti tan,
osinon pou tout tan, ap fè yon ofrann bay Bondye, yon
ofrann pou yo boule nan dife epi ki pou fè Seyè a plezi ak
bon sant li, se pou l' swiv menm regleman ak nou. **15** Nan
peyi a, se va yon sèl regleman pou tout moun, ni pou nou
menm ni pou moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou
yo, yon sèl regleman pou tout tan, de pitit an pitit: Se va
menm bagay la ni pou nou ni pou moun lòt nasyon yo
devan Seyè a. **16** Se va yon sèl lwa, yon sèl regleman ni
pou nou ni pou moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou
yo. **17** Apre sa Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **18** -
Pale ak moun pèp Izrayèl yo. W'a di yo pou mwen: Lè n'a
antre nan peyi kote mwen pral mennen nou an, **19** lè
n'ap manje manje peyi a va bay, n'a wete yon pòsyon, n'a
mete l' apa pou nou fè Seyè a kado. **20** Chak lanne, apre
rekòt la, n'a pran yon pen nan premye pen fèt ak ble nou
fèk rekòlte a, n'a mete l' apa pou nou fè Seyè a kado,
jan nou fè l' pou grenn ki pase sou glasi. **21** Se pou nou
toujou wete yon pen nan premye pen nou fè apre rekòt
nou yo pou nou fè Seyè a kado. Se va yon lwa pou pitit
ak pitit pitit nou yo, depi koulye a ak pou tout tan. **22** Men,
si san nou pa fè espre, nou pa swiv yonn nan lòd Seyè a
te bay Moyiz yo, **23** lòd pou nou te toujou swiv de pitit an
pitit depi jou li te voye Moyiz pale ak nou an, men sa pou
yo fè: **24** Si se tout pèp la ki fè sa l' pa t' dwe fè san li pa t'
konnen sa l'ap fè a, yo tout ansanm y'a ofri yon jenn ti
towo bèf pou yo boule nèt nan dife pou Seyè a. Se va
yon ofrann pou yo boule nan dife pou fè Seyè a plezi
ak bon sant li. Y'a ofri l' ansanm ak ofrann grenn jaden
ak bwason ki pou mache avè l' la. Apre sa, y'a ofri yon
bouk kabrit pou repare sa yo te fè ki mal la. **25** Prèt la va
pote ofrann lan devan Bondye, l'a touye bèt yo ofri pou
peche tout moun pèp Izrayèl yo te fè a, epi Bondye va
padonnen sa yo te fè a, paske yo pa t' fè espre, epi yo te
pote ofrann pou yo te boule nan dife pou Seyè a ansanm
ak ofrann pou repare sa yo te fè ki mal devan Seyè a san
yo pa t' fè espre a. **26** Se konsa Bondye va padonnen
tout moun pèp Izrayèl yo ansanm ak tout moun lòt nasyon
k'ap viv nan mitan yo, paske se yo tout ki te koupab nan
sa yo te fè san yo pa konnen an. **27** Si se yon moun ki
fè sa l' pa t' dwe fè san li pa fè espre, l'a gen pou l' ofri
yon ti fenmèl kabrit ki poko gen ennan pou repare pou
sa l' te fè a. **28** Prèt la va pote ofrann lan devan Seyè
a, l'a touye bèt yo ofri pou peche moun lan te fè san li
pa t' fè espre a, epi Bondye va padonnen l' sa l' te fè a.
29 Se va menm regleman an pou tout moun ki fè bagay
yo pa t' dwe fè san yo pa fè espre, kit se yon moun pèp
Izrayèl la menm li ye, kit se yon moun lòt nasyon k'ap viv
nan mitan yo a. **30** Men, lè yon moun fè yon bagay li
konnen byen pwòp li pa t' dwe fè, kit se yon moun pèp
Izrayèl la menm li ye, kit se yon moun lòt nasyon k'ap viv
nan mitan yo a, se pase l'ap pase Seyè a nan betiz. Se
pou yo wete moun sa a nan mitan pèp la. **31** Paske li
refize tande sa Seyè a te di a, li fè sa li konnen li pa t'
dwe fè. Dapre lòd Seyè a, se pou yo touye l'. Epi se li
menm sèl ki va reskonsab lanmò li. **32** Yon jou, antan
moun pèp Izrayèl yo te nan dezè a, yo bare yon nonm ki
t'ap ranmase bwa jou repo a. **33** Moun ki te bare l' yo
mennen l' bay Moyiz, Arawon ak tout moun pèp Izrayèl
yo. **34** Yo pran msye, yo mete moun veye l', paske yo pa
t' fin konnen sa pou yo te fè avè l'. **35** Lè sa a, Seyè a

di Moyiz konsa: -Se pou nou touye nonm lan pou sa li
fè a. Y'a mennen msye andeyò limit kan kote yo rete a,
pou tout moun kalonnen l' kout wòch jouk li mouri. 36 Se
konsa tout moun yo fè msye soti andeyò limit kan an, epi
yo kalonnen msye kout wòch jouk li mouri, jan Seyè a te
ba yo lòd la. 37 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: 38 -
Pale ak moun pèp Izrayèl yo. W'a di yo pou mwen: Se
pou yo toujou mete ponpon sou woulèt rad yo, se pou yo
pase kòdon ble nan chak ponpon. Se pou nou toujou fè
sa de pitit an pitit. 39 Chak fwa n'a wè ponpon sa yo, sa
va fè nou chonje tou sa Seyè a te ban nou lòd fè pou nou
ka fè yo. Konsa, nou p'ap pèdi tèt nou, nou p'ap vire do
ban mwen pou nou swiv pwòp lide pa nou ak pwòp dezi
pa nou. 40 Ponpon yo va fè nou chonje tout lòd mwen te
ban nou pou nou ka swiv yo, pou nou ka viv apa nèt pou
mwen menm ki Bondye nou an. 41 Se mwen menm ki
Seyè a, Bondye nou an. Se mwen menm ki te fè nou
soti kite peyi Lejip la pou m' te ka Bondye nou. Se mwen
menm ki Seyè a, Bondye nou an.

16 Kore, pitit gason Iza, moun laras Levi nan fanmi
Keyat la, pran tèt Datan ak Abiram, pitit gason Eliyab
yo ansanm ak One, pitit gason Pelèt, twa moun laras
Woubenn. 2 Yo revòlte kont Moyiz. Te gen desansenkant
(250) lòt moun nan pèp Izrayèl la avèk yo. Mesye sa yo,
se te chèf pèp la menm te chwazi, moun ki te fè pati
konsèy pèp la, chèf moun yo te konsidere anpil. 3 Yo tout
reyini devan Moyiz ak Arawon, yo di yo konsa: -Koulye a,
mesye, n' al twò lwen tande! Dènye moun nan pèp la se
pou Seyè a y'ap viv. Seyè a la nan mitan nou tout, pa
vre? Poukisa, nou menm Moyiz ak Arawon, nou pran pòz
chèf nou anwo pèp Seyè a konsa? 4 Lè Moyiz tande sa, li
lage kò l' atè plat, li lapriyè. Lèfini, li di Kore ak bann moun
ki te avè l' yo konsa: 5 -Denmen maten, Seyè a va fè nou
konnen ki moun ki pou li, ki moun li mete apa pou l' ak ki
moun ki gen dwa pwoche bò kote l'. Moun la kite pwoche
bò kote l' la, n'a konnen se moun sa a Bondye chwazi.
6 Men sa pou n' fè. Ou menm, Kore, ak chak moun ki
nan bann ou an, nou chak n'a pran yon ti recho dife.
7 Denmen maten chak moun va ranje chabon dife nan
recho pa l' la, epi l'a mete lansan sou dife a devan lotèl
Seyè a. Konsa, moun Seyè a va chwazi a, n'a konnen
se li menm Bondye mete apa pou l' a. Se nou menm,
pitit Levi yo, ki pral twò lwen koulye a! 8 Moyiz di Kore
konsa: -Koute non, nou menm pitit Levi yo! 9 Apre tou sa
Bondye fè pou nou, nou jwenn li pa fè ase toujou: Nan
tout pèp Izrayèl la, se nou li chwazi pou pwoche bò kote l',
pou fè sèvis li nan kay li, pou kanpe devan pèp la pou fè
sèvis pou yo. 10 Ou menm Kore ak tout frè ou yo, pitit
Levi yo, li ban nou dwa pou nou pwoche bò kote l'. Epi
koulye a, n'ap mande pou yo ban nou plas prèt yo! 11 Lè
ou menm ak tout bann mesye ou yo n'ap plenyen konsa
sou do Arawon, kisa Arawon ye nan sa? Konnen se kont
Seyè a menm wi nou pran pozisyon. 12 Apre sa, Moyiz
voye rele Datan ak Abiram, de nan pitit gason Eliyab yo.
Men yo voye di Moyiz: -Nou p'ap vini. 13 Ou fin fè nou
kite yon bon ti peyi kote lèt ak siwo myèl t'ap koule tankou
dlo, ou mennen nou vin mouri isit nan dezè a, epi koulye
a ou vle pran pòz chèf ou sou nou ankò! 14 Ou mèt di sa
ou vle, men se pa nan yon peyi kote lèt ak siwo myèl
koule tankou dlo ou mennen nou la a! Ou pa ban nou
okenn jaden pou n' plante grenn ni okenn jaden rezen ou
te di ou t'ap ban nou an. Atò, ou kwè ou kapab pete je
moun sa yo? Non! Nou p'ap vini. 15 Lè sa a, Moyiz fè yon
sèl fache, li di Seyè a konsa: -Pa asepte okenn ofrann
moun sa yo ta pote vin ofri ou. Mwen pa janm pran anyen
nan zafè yo, pa menm yon bourik. Mwen pa janm fè yonn
ladan yo anyen. 16 Apre sa, Moyiz di Kore konsa: -Ou
menm ak tout bann moun ou yo, denmen n'a vini devan
lotèl Seyè a. Arawon va la tou. 17 Chak moun va pran
yon ti recho dife, y'a mete lansan ladan l', epi y'a pote
recho yo devan Seyè a. Sa va fè desansenkant (250)
recho. Ou menm ak Arawon, n'a vini ak recho pa nou
tou. 18 Se konsa, yo chak pran yon ti recho, yo ranje
chabon dife ladan l', yo mete lansan sou dife a, epi yo
vin kanpe devan pòt Tant Randevou a ansanm ak Moyiz
ak Arawon. 19 Kore te fè tout pèp la reyini nan pòt Tant
Randevou a anfas Moyiz ak Arawon. Yo rete konsa, epi
pouvwa Bondye parèt tankou yon gwo limyè devan tout
pèp la. 20 Seyè a pale ak Moyiz ansanm ak Arawon, li di
yo: 21 -Wete kò nou nan mitan moun sa yo. Mwen pral
disparèt yo koulye a. 22 Men Moyiz ak Arawon tonbe
fas atè, yo di: -O Bondye, ou menm ki bay tout moun
lavi, se pa paske yon sèl moun fè sa l' pa t' dwe fè kifè
pou ou fache sou tout pèp la. 23 Seyè a pale ak Moyiz,
li di l' konsa: 24 -Pale ak tout pèp la. Di yo pou mwen
pou yo wete kò yo bò kote Kore, Datan ak Abiram rete
a. 25 Moyiz leve, l' al jwenn Datan ak Abiram. Tout chèf
fanmi pèp Izrayèl yo te ale avè l' tou. 26 Li pale ak pèp la,
li di yo: -Wete kò nou bò kote bann mechan sa yo rete
a. Pa manyen anyen ki pou yo, si nou pa vle pase tou
nan chatiman yo pral ba yo pou peche yo fè a. 27 Se
konsa, tout pèp la wete kò yo, yo rete byen lwen kote
Kore, Datan ak Abiram te rete a. Datan ak Abiram menm
soti, yo vin kanpe devan pòt kay yo ansanm ak madanm
yo, pitit yo ak pitit pitit yo. 28 Moyiz di pèp la konsa: -Avèk
sa ki pral rive a, nou pral konnen se Seyè a menm ki te
voye m' fè tout travay sa yo. Se pa mwen menm ki rete
konsa mwen di mwen pral fè yo. 29 Si moun sa yo mouri
jan tout moun fèt pou mouri a, san se pa Bondye ki pini
yo, enben, se pa Seyè a ki te voye m'. 30 Men, si Seyè a
fè bagay nou poko janm wè, si li fè tè a louvri pou l' vale
moun sa yo ansanm ak tou sa ki pou yo, kifè y'ap desann
tou vivan nan peyi kote mò yo ye a, n'a konnen se Seyè a
menm yo t'ap derespekte konsa. **(Sheol h7585)** 31 Fini li
fini di pawòl sa yo, tè a fann, li louvri anba pye Datan ak
Abiram. 32 Li vale yo, yo menm, tout fanmi yo ansanm ak
tout moun ki te pran pozisyon pou Kore, ak tou sa ki te
pou yo. 33 Yo desann tou vivan avèk tou sa ki te pou yo
nan peyi kote mò yo ye a. Apre sa, tè a fèmen sou yo,

yo disparèt nèt nan mitan pèp la. **(Sheol h7585)** **34** Tout
moun nan pèp la ki te la pran kouri lè yo tande jan moun
yo t'ap rele. Yo t'ap di: -Ann kouri pou tè a pa vale nou
tou. **35** Menm lè a tou, Seyè a voye yon sèl dife ki devore
tout desansenkant (250) mesye ki t'ap ofri lansan yo. **36**
Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **37** -Mande Eleaza,
pitit gason Arawon, prèt la, pou l' ale wete recho dife an
kwiv yo nan mitan rès moun boule yo. L'a jete chabon
dife ki ladan yo yon kote byen lwen, paske recho dife
sa yo se bagay ki apa pou mwen. **38** Wi, yo apa pou
mwen paske mesye sa yo ki mouri pou peche yo te ofri yo
devan lotèl Seyè a. W'a pran recho sa yo, w'a bat yo ak
mato fè yo tounen plak fin pou kouvri lotèl la. Sa va sèvi
yon avètisman pou moun pèp Izrayèl yo. **39** Se konsa,
Eleaza, prèt la, te pran recho an kwiv moun boule yo te
ofri yo, li bat yo ak mato, li fè yon kouvèti pou lotèl la **40**
pou sa sèvi yon avètisman pou moun pèp Izrayèl yo, pou
yo konnen moun ki pa fè pati fanmi Arawon an pa gen
dwa pwoche devan lotèl Seyè a pou boule lansan. Si yo
fè sa, sa ki rive Kore ak moun li yo, se sa k'ap rive moun
sa yo tou. Tou sa pase konsa vre dapre lòd Seyè a te bay
Moyiz pou Eleaza. **41** Nan denmen, tout moun pèp Izrayèl
yo pran bougonnen sou do Moyiz ak Arawon, yo t'ap di: -
Se nou menm ki lakòz moun pèp Seyè a ap mouri konsa.
42 Lè pèp la fin sanble pou yo pran pozisyon kont Moyiz
ak Arawon, yo vire je yo gade Tant Randevou a, yo wè
nwaj la te kouvri tant lan. Menm lè a, pouvwa Bondye-a
parèt tankou yon gwo limyè. **43** Moyiz ak Arawon ale, yo
kanpe devan Tant Randevou a. **44** Seyè a pale ak Moyiz
ansanm ak Arawon, li di yo konsa: **45** -Wete kò nou nan
mitan pèp sa a. Mwen pral disparèt yo koulye a menm! De
mesye yo tonbe fas atè. **46** Epi Moyiz di Arawon konsa: -
Pran ti recho dife ou la, pran chabon dife sou lotèl la,
mete ladan l'. Vide ti lansan sou dife a. Epi kouri vit avè l'
al jwenn pèp la. W'a fè sèvis pou mande Bondye padon
pou yo. Fè vit non! Seyè a fache anpil, li gen tan pran
desizyon l'. Malè a konmanse deja. **47** Arawon pran ti
recho a, li fè sa Moyiz te di l' fè a. Epi li pran kouri nan
mitan pèp la. Men, malè a te deja konmanse ap fè dega
nan pèp la. Lè Arawon wè sa, li mete lansan sou dife
a, li fè sèvis pou mande Bondye padon pou yo. **48** Se
konsa malè a te sispann. Arawon te kanpe nan mitan
ak mò yo yon bò, moun vivan yo yon lòt bò. **49** Te gen
katòzmil sètsan moun (14.700) antou ki te mouri nan malè
sa a, san konte sa ki te mouri akòz Kore yo. **50** Lè malè a
sispann nèt, Arawon tounen al jwenn Moyiz, devan papòt
Kay Randevou a.

17 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **2** -Pale ak moun
pèp Izrayèl yo. Di yo pou yo pote douz branch bwa,
yon branch bwa pou chak branch fanmi pèp Izrayèl la.
Wi, y'a pran yon branch bwa nan men chèf chak branch
fanmi. Epi w'a ekri non chak chèf sou branch bwa pa yo.
3 W'a ekri non Arawon sou branch bwa Levi a. Va gen yon
sèl branch bwa pou chak moun ki chèf nan branch fanmi
pa l'. **4** W'a mete yo nan Tant Randevou a, devan Bwat
Kontra a, kote mwen ban nou randevou a. **5** Branch bwa
ki pote non moun mwen chwazi a, se li menm ki va fè flè.
Se konsa m'a fè moun Izrayèl yo sispann bougonnen sou
do ou. **6** Moyiz pale ak moun pèp Izrayèl yo. Epi chak chèf
pote ba li yon branch bwa, yonn pou chak branch fanmi.
Sa te fè douz branch bwa antou. Branch bwa Arawon an
te nan mitan tout lòt yo. **7** Moyiz pran tout branch bwa yo,
li mete yo devan Bwat Kontra Seyè a, nan Tant Randevou
a. **8** Nan denmen, lè Moyiz antre nan Tant Randevou a, li
wè branch bwa Arawon an, ki pou branch fanmi Levi a, te
fè flè. Li te gen tan fè bouton, flè yo te louvri, zanmann yo
te mi. **9** Moyiz pran tout branch bwa yo ki te devan lotèl
Seyè a, li pote yo bay moun pèp Izrayèl yo. Yo wè sa ki
rive, epi chak chèf pran branch bwa ki te pou yo a. **10**
Seyè a di Moyiz: -Remete branch bwa Arawon an devan
Bwat Kontra a. Se pou yo konsève l' pou sa sèvi yon siy
pou moun tèt di sa yo, pou yo ka sispann bougonnen. Si
yo pa sispann bougonnen, y'ap mouri! **11** Moyiz fè jan
Seyè a te ba li lòd fè a. **12** Apre sa, moun pèp Izrayèl yo
pale ak Moyiz, yo di l' konsa: -Gade jan n'ap mouri, n'ap
deperi, nou tout ap fini. **13** Depi yon moun pwoche bò Tant
Randevou a, li mouri. Si se konsa, nou tout ap mouri!

18 Seyè a di Arawon konsa: -Se ou menm, pitit gason
ou yo ansanm ak tout lòt moun nan branch fanmi
Levi a, ki va reskonsab tout bagay mal ki pase nan tant
yo mete apa pou Bondye a. Men, se ou menm ak pitit
gason ou yo ase ki va reskonsab tout bagay mal ki pase
nan travay prèt yo gen pou fè a. **2** W'a pran fanmi ou yo,
moun branch fanmi Levi, granpapa ou la, w'a mete yo
ansanm avè ou pou yo ka ede ou, pandan ou menm ak
pitit gason ou yo, n'ap fè travay nou devan Tant Randevou
a. **3** Y'a fè tou sa yo gen pou yo fè pou ou, ak tou sa
pou yo fè nan kay Bondye a. Men, se pa pou yo janm
pwoche bò bagay yo mete apa pou Bondye yo, ni bò lotèl
yo. Si yo fè sa, ni ou menm ni yo menm, n'ap mouri. **4** Y'a
travay ansanm avè ou, y'a fè tou sa y'a gen pou yo fè
nan kay Bondye a, nan tout travay ki gen pou fèt nan kay
Bondye a. Pesonn lòt pa gen dwa travay avè ou. **5** Men,
ou menm ak pitit gason ou yo, n'a fè tou sa nou gen pou
nou fè nan kote ki apa pou Seyè a, tou sa nou gen pou
nou fè pou lotèl la. Konsa, mwen p'ap janm fache ankò
sou moun pèp Izrayèl yo. **6** Se mwen menm ki te pran
fanmi ou yo, moun Levi yo, ki te chwazi yo nan mitan tout
moun pèp Izrayèl yo, mwen mete yo apa pou mwen. Se
mwen ki ba ou yo pou yo ka travay nan Tant Randevou a.
7 Men, se ou menm sèl ak pitit gason ou yo ki pou fè
travay prèt yo bò lotèl la ak dèyè rido a. Sa se travay pa
nou sa. Mwen ban nou pouvwa pou nou sèvi m' prèt. Se
yon kado mwen fè nou. Se pou yo touye nenpòt lòt moun
ki va pwoche bò bagay yo mete apa pou mwen yo. **8**
Apre sa, Seyè a di Arawon konsa: -Chonje mwen pran
yon pòsyon nan tout ofrann moun pèp Izrayèl yo fè pou
mwen, mwen ba ou yo. Se va pòsyon ki va toujou rete
pou ou ak pou pitit gason ou yo depi lè mwen te mete nou

apa pou mwen an, dapre regleman ki la pou tout tan tout
tan an. 9 Nan ofrann yo mete apa nèt pou mwen yo, lè ou
fin wete pòsyon pou boule nan dife a, tout rès la va pou
nou: tout ofrann grenn ki donnen nan jaden, tout ofrann
pou mande Bondye padon, tout ofrann pou repare sa yo
fè ki mal. Tou sa yo ofri ban mwen tankou yon ofrann yo
mete apa pou mwen, se pou ou ak pou pitit gason ou
yo y'a ye. 10 N'a manje yo yon kote yo mete apa pou
Seyè a. Se gason ase ki pou manje ladan yo. Konsidere
ofrann sa yo tankou bagay ki apa pou Seyè a. 11 Lèfini,
tout ofrann espesyal moun pèp Izrayèl yo va fè pou yo
balanse devan Seyè a, se pou ou yo va ye tou. M'ap ba
ou yo pou ou, pou pitit gason ou yo ak pitit fi ou yo, dapre
yon regleman k'ap la pou tout tan tout tan. Tout moun nan
fanmi ou ki nan kondisyon pou fè sèvis pou mwen va gen
dwa manje ladan l'. 12 M'ap ba ou tou tousa ki pi bon nan
premye fwi rekòt y'ap ofri bay Seyè a chak lanne: lwil oliv,
diven ak grenn ki donnen nan jaden. 13 Tout premye fwi
ki mi nan peyi a, fwi yo ofri bay Seyè a, se va pou ou tou.
Tout moun lakay ou ki nan kondisyon pou sèvi Seyè a
va gen dwa manje ladan yo. 14 Tout bagay moun pèp
Izrayèl yo pran angajman mete apa pou Seyè a va pou ou
tou. 15 Tout premye pitit, kit se pitit moun, kit se pitit bèt,
y'a mete yo apa pou mwen, e se pou ou yo va ye tou.
Men, se pou ou asepte yo peye ou pou chak premye pitit
moun ak tout premye pitit bèt ki pa ka sèvi ofrann pou
mwen. 16 Lè premye pitit gason an va gen yon mwa,
w'a fè yo peye ou senk pyès ajan dapre sistèm yo sèvi
nan kay Bondye a, -vin gera pou yon pyès ajan-, pou yo
ka achte lavi l' nan men m'. 17 Men, pou premye ti mal
yon manman bèf osinon yon manman kabrit ou ankò yon
manman mouton fè, ou p'ap asepte anyen pou yo. Se
bagay ki apa pou mwen nèt. Se pou yo touye yo. Y'a vide
san yo sou lotèl la, w'a boule grès yo. Se va yon ofrann
y'a boule nèt pou mwen, yon ofrann ki va fè m' plezi ak
bon sant li. 18 Men, vyann yo va rete pou ou ansanm ak
vyann pwatrin lan ak jigo dwat ki te deja pou ou a. 19
M'ap ba ou pou ou menm, pou pitit gason ak pitit fi ou
yo tout pòsyon ki va rete nan ofrann moun pèp Izrayèl
yo va mete apa pou mwen. Se va yon regleman k'ap la
pou tout tan tout tan. Se yon kontra ki p'ap janm kase ni
ki p'ap janm gate mwen fè la avèk ou, pou ou ak pou
tout ras fanmi ou. 20 Apre sa, Seyè a di Arawon konsa:
-Ou p'ap jwenn okenn pòsyon nan tè eritaj ki pou pèp
la. Ou p'ap janm gen yon moso tè ki va rele ou pa ou
nan peyi a. Se mwen menm ki tout ou, se mwen menm
ki tout byen ou nan mitan pèp Izrayèl la. 21 Seyè a di
konsa: -Mwen mete tout ladim moun Izrayèl yo va bay la
apa pou moun branch fanmi Levi yo, pou sèvis y'ap rann
nan tanp lan, pou travay y'ap fè nan Tant Randevou a.
22 Moun pèp Izrayèl yo pa janm bezwen preche bò Tant
Randevou a. Konsa, yo p'ap rive fè yon peche ki pou ta fè
yo mouri. 23 Depi koulye a, se moun Levi yo ki va pran
swen tout bagay nan Tant Randevou a. Y'a reskonsab
pou tout bagay mal y'a fè. Sa se yon lòd sevè pou tout
moun swiv de pitit an pitit. Se konsa yo menm tou, yo
p'ap gen tè k'ap rele yo pa yo pou tout tan nan mitan pèp
Izrayèl la. 24 M'ap bay moun Levi yo tout ladim moun
pèp Izrayèl yo pran sou sa yo genyen pou ofri bay Seyè
a. Se poutèt sa, mwen di moun fanmi Levi yo p'ap gen
okenn pòsyon tè ki pou rele yo pa yo nan peyi Izrayèl la.
25 Seyè a pale ak Moyiz ankò, li di l': 26 -Pale ak moun
Levi yo, di yo konsa: Lè n'a resevwa nan men moun pèp
Izrayèl yo ladim Seyè a ban nou pou byen pa nou, n'a
wete yon dizyèm ladan l' pou mwen. Se va ofrann ladim
pa nou bay Seyè a. 27 Y'a konsidere ofrann sa a tankou
ofrann lòt moun yo fè sou farin ble ak diven apre chak
rekòt. 28 Konsa, nou menm tou, n'a pran yon pòsyon nan
tout ofrann ladim moun pèp Izrayèl yo va fè, n'a mete l'
apa pou mwen. Epi n'a pran pòsyon nou wete pou Seyè a
nan sa ki pou nou an, n'a bay Arawon, prèt la, li pou tèt
pa li. 29 N'a pran sa ki pi bon nan tout sa ki pou nou an,
n'a ofri l' bay Seyè a. 30 W'a di yo tou: Lè moun Levi yo
fin pran sa ki pi bon nan tou sa ki pou vin pou yo a, y'a
konsidere rès ki rete a tankou rekòt farin ble ak diven yo
menm yo fè. 31 Y'a manje l' kote yo vle, ansanm ak tout
moun lakay yo. Se tankou lajan yo ba yo pou travay y'ap
fè nan Tant Randevou a. 32 Depi nou ofri sa ki pi bon an
bay Seyè a, nou mèt manje rès la san kè sote, anyen p'ap
rive nou. Piga nou derespekte bagay moun pèp Izrayèl yo
mete apa pou mwen. Si nou fè sa, n'ap mouri.

19 Seyè a pale ak Moyiz ansanm ak Arawon, li di yo
konsa: 2 -Men yon regleman Seyè a bay lòd pou
yo swiv tankou yon lwa: Men sa li di: Mande moun pèp
Izrayèl yo pou yo fè ou jwenn yon gazèl pwal koulè wouj,
ki pa gen okenn enfimite e ki poko janm travay. 3 W'a
renmèt Eleaza, prèt la, li. L'a fè l' soti andeyò limit kan kote
moun yo rete a, epi l'a fè yo touye l' devan je li. 4 Apre
sa, Eleaza va pran ti gout nan san an. Epi, kote l' kanpe
a, avèk dwèt li, l'a voye san an sèt fwa nan direksyon Tant
Randevou a. 5 Lèfini, y'a boule tout bèt la nèt devan je
prèt la: po a, vyann lan, san an ansanm ak tout tripay la.
6 Prèt la va pran kèk moso bwa sèd, kèk branch izòp, yon
moso twal wouj, l'a jete yo nan boukan dife kote gazèl la
ap boule a. 7 Apre sa, prèt la va lave rad ki te sou li,
l'a benyen nan gwo dlo. Lèfini, l'a tounen antre nan kan
an. Prèt la p'ap nan kondisyon pou l' fè okenn sèvis pou
Bondye jouk aswè. 8 Moun ki te boule gazèl la va lave rad
ki te sou l' a, epi l'a benyen nan gwo dlo tou. Li menm tou,
li p'ap nan kondisyon pou l' fè okenn sèvis pou Bondye
jouk aswè. 9 Yon lòt moun ki nan kondisyon pou fè sèvis
pou Bondye va ranmase tout sann gazèl wouj la, l'a mete
l' yon kote ki apa pou Bondye andeyò limit kan kote moun
yo rete a. Y'a konsève sann lan pou lè moun pèp Izrayèl
yo va bezwen pran ladan l' pou pare dlo y'a sèvi pou mete
nenpòt bagay nan kondisyon pou fè sèvis Bondye ankò,
lè y'ap fè sèvis pou mande Bondye padon pou sa yo fè ki
mal. 10 Nonm ki te ranmase sann gazèl la va lave rad ki
te sou l' a, epi li p'ap nan kondisyon pou l' fè okenn sèvis
pou Bondye jouk aswè. Sa se va yon regleman pou tout

moun nan peyi a toujou swiv, kit se moun pèp Izrayèl yo,
kit se moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan yo. 11 Depi yon
moun manyen kadav yon moun mouri, pandan sèt jou
apre sa, li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis pou Bondye.
12 L'a fè sèvis pou mande Bondye gras avèk dlo yo pare
pou sa a sou twazyèm jou a ak sou setyèm jou a. Apre
sa, l'a nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye. Men, si li pa
fè sèvis pou mande Bondye gras sou twazyèm jou a ak
sou setyèm jou a, li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis
Bondye. 13 Depi yon moun manyen kadav yon moun
mouri, si li pa fè sèvis pou mande Bondye gras, piga li
pwoche bò Tant Randevou a pou li pa derespekte tant
lan. Si li fè sa, se pou yo touye l'. Se pou yo konsidere
moun sa a tankou yon moun ki pa fè pati pèp Bondye a,
paske yo pa t' voye dlo pou mete nan bon kondisyon an
sou li, li pa nan kondisyon pou l' sèvi Bondye. Toutotan yo
pa fè sèvis la pou li, l'ap rete nan kondisyon sa a. 14 Men
regleman pou yo swiv: lè yon moun mouri nan yon kay,
tout moun ki te nan kay la lè lanmò a, ou ankò tout moun
ki vin antre nan kay la apre sa, p'ap nan kondisyon pou fè
sèvis Bondye pandan sèt jou. 15 Tout veso ki pa kouvri ak
yon kouvèti byen mare sou li p'ap ka sèvi pou moun ki
nan kondisyon pou sèvi Bondye. 16 Konsa tou, depi yon
moun k'ap mache nan jaden manyen kadav yon moun
mouri, kit moun lan mouri mò natirèl, kit se ansasinen yo
te ansasinen l', osinon depi yon moun manyen zosman
yon moun mouri oswa tonm kote yo antere yon moun
mouri, moun sa a p'ap nan kondisyon pou l' sèvi Bondye
pandan sèt jou. 17 Si yon moun ta rive nan kondisyon sa
a konsa, y'a pran ti gout nan sann gazèl yo te boule pou
wete peche a, y'a mete l' nan yon veso, epi y'a vide ti gout
dlo dous sou li. 18 Nan premye ka a, yon moun ki nan
kondisyon pou fè sèvis Bondye va pran yon branch izòp,
l'a plonje l' nan dlo a, epi l'a voye dlo sou kay la, sou tout
bagay ki ladan l' ak sou tout moun ki te la nan kay la.
Nan dezyèm ka a, l'a voye dlo a sou moun lan, kit li te
manyen zosman moun mouri osinon kadav moun yo te
ansasinen, osinon kadav moun ki te mouri mò natirèl, kit li
te manyen yon tonm moun mouri. 19 Sou twazyèm jou
a ak sou setyèm jou a, nonm ki nan kondisyon pou fè
sèvis pou Bondye a va voye dlo a sou moun ki pa nan
kondisyon pou sèvi Bondye a. Sou setyèm jou a, l'a fè
sèvis pou mande Bondye gras pou nonm lan. Apre sa,
nonm lan va lave rad ki sou l' a, l'a benyen nan gwo dlo.
Men, se lè solèy va fin kouche la nan kondisyon ankò pou
l' fè sèvis Bondye. 20 Men lè yon nonm pa nan kondisyon
pou fè sèvis Bondye, si li pa fè sèvis pou mande Bondye
gras, se pou yo konsidere l' tankou yon moun ki pa fè
pati pèp Bondye a. Li pa ka pwoche bò Tant Randevou
a pou l' pa derespekte l'. Toutotan yo pa fè pou li sèvis
voye dlo ki pou mete l' nan bon kondisyon an, l'ap rete
nan kondisyon pou l' pa ka fè sèvis Bondye. 21 Se va
la yon regleman pou yo toujou swiv tout tan. Moun ki te
voye dlo sou lòt la pou mete l' nan bon kondisyon an,
va gen pou l' lave rad ki te sou l' a tou. Depi yon moun
manyen dlo pou mete nan bon kondisyon an, li p'ap nan
kondisyon pou l' fè sèvis pou Bondye jouk nan aswè
menm jou a. 22 Depi yon nonm ki pa nan kondisyon pou
sèvi Bondye manyen yon bagay, moun ki nan kondisyon
pou sèvi Bondye pa ka sèvi ak bagay sa a. Depi yon
moun manyen yon bagay konsa, li menm tou, li p'ap nan
kondisyon pou l' sèvi Bondye jouk aswè rive.

20 Sou premye mwa a, tout moun pèp Izrayèl yo te
rive nan dezè Zin lan, epi yo moute tant yo yon kote
yo rele Kadès. Se la Miryam mouri, se la menm yo antere
l'. 2 Men, pa t' gen dlo la pou pèp la te bwè. Pèp la sanble
bò kote Moyiz ak Arawon, yo leve kont ak yo. 3 Pèp la
fè kont ak Moyiz, yo di l' konsa: -Pa pito nou te mouri
devan lotèl Seyè a ansanm ak lòt frè nou yo! 4 Poukisa
ou mennen nou nan dezè a? Gen lè se pou fè nou mouri,
nou menm pèp Seyè a, ansanm ak tou bèt nou yo? 5
Poukisa ou fè nou soti kite peyi Lejip la pou mennen nou
nan move kote sa a? Se yon kote ou pa jwenn grenn pou
simen, ou pa jwenn okenn pye fig frans, ni pye rezen, ni
pye grenad. Pa menm gen dlo pou moun bwè! 6 Moyiz ak
Arawon pati kite pèp la, y' ale devan pòt Tant Randevou
a. Yo lage kò yo fas atè, epi bèl limyè prezans Bondye a
parèt sou yo. 7 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: 8 -
Pran baton ki sou devan Bwat Kontra a. Lèfini, ou menm
ak Arawon, frè ou la, sanble tout pèp la. Epi devan yo
tout, w'a pale ak wòch ki bò laba a, wòch la va bay dlo.
Se konsa w'a fè dlo soti nan wòch la pou pèp la, pou yo
tout ka bwè ansanm ak bèt yo. 9 Moyiz pran baton ki
sou devan lotèl la, jan Seyè a te ba li lòd la. 10 Moyiz ak
Arawon sanble tout pèp la devan gwo wòch la. Epi Moyiz
di yo: -Louvri zòrèy nou, bann moun tèt di! Se vle nou vle
mwen fè dlo soti nan wòch sa a pou nou? 11 Moyiz leve
men l', li frape wòch la de fwa avèk baton an. Epi yon gwo
sous dlo pete nan wòch la. Tout moun yo bwè ansanm ak
bèt yo tou. 12 Men, Seyè a di Moyiz ak Arawon konsa: -
Paske nou pa t' fin gen konfyans nèt nan mwen pou n' te
fè moun pèp Izrayèl yo wè jan mwen se yon Bondye apa,
se pa nou menm m'ap kite mennen pèp la antre nan peyi
mwen pwomèt m'ap ba yo a. 13 Se kote sa a yo rele sous
Meriba a, paske se la moun pèp Izrayèl yo te leve kont ak
Seyè a. Se la Seyè a te moutre yo li se yon Bondye ki
pa tankou lòt bondye yo. 14 Moyiz rete Kadès, li voye
kèk mesaje bò wa peyi Edon an pou di l' konsa: -Men sa
moun pèp Izrayèl yo, moun menm fanmi ak ou yo, voye di
ou: Ou konnen tout tray nou pase. 15 Ou konnen ki jan
zansèt nou yo te desann al rete nan peyi Lejip pandan
lontan, ki jan moun peyi sa a tonbe maltrete nou menm
jan yo te maltrete zansèt nou yo. 16 Lè nou wè sa, nou
rele nan pye Seyè a. Li tande vwa nou, epi li voye zanj
li, li fè nou soti kite peyi Lejip sa a. Koulye a, men nou
Kadès, yon lavil ki toupre fwontyè peyi ou la. 17 Tanpri,
n'ap mande ou yon ti pèmisyon pou nou pase ase nan
mitan peyi ou la. Nou p'ap kite wout nou pou n' pase nan
mitan jaden ou, ni nan mitan pye rezen ou yo. Ata dlo nan

pi ou yo nou p'ap bwè. Nou p'ap kite gran chemen w'a
moutre nou an, nou p'ap vire ni adwat ni agoch, jouk n'a
fin travèse lòt bò peyi a. 18 Wa Edon an voye di yo: -
Non. Nou p'ap kite nou travèse peyi a. Si nou chache
fè sa, n'ap mache pran nou, n'ap atake nou. 19 Men,
moun pèp Izrayèl yo voye di l' ankò: -Nou p'ap kite gran
chemen w'a louvri devan nou an. Epi si yonn nan nou,
osinon yonn nan bèt nou yo ta bwè nan dlo peyi ou la,
n'ap peye ou pou sa. Se annik pase nou bezwen pase
nan mitan peyi a, pa lòt bagay! 20 Men, wa Edon an voye
di yo ankò: -Non! Nou p'ap pase menm! Epi li soti avèk
yon gwo lame ak yon bann lòt moun, yo mache kontre
moun pèp Izrayèl yo. 21 Se konsa moun peyi Edon yo te
refize kite moun pèp Izrayèl yo pase nan peyi yo a. Kifè
moun Izrayèl yo te blije vire do yo, fè yon lòt wout. 22
Tout moun pèp Izrayèl yo kite Kadès, yo rive sou Mòn Or
la, 23 ki te toupre fwontyè peyi Edon an. Antan yo la,
Seyè a pale ak Moyiz ansanm ak Arawon, li di yo: 24 -
Arawon pa pral antre nan peyi mwen pwomèt pou m' bay
moun pèp Izrayèl yo. Msye pral mouri, li pral jwenn moun
li yo ki te mouri anvan l' yo, paske nou tou de, nou pa t'
fè sa mwen te ban nou lòd fè bò sous dlo Meriba a. 25
Pran Arawon ak Eleaza, pitit gason l' lan, moute sou mòn
Or la ak yo. 26 W'a wete rad espesyal ki sou Arawon
yo, w'a mete yo sou Eleaza, pitit gason l' lan. Se la sou
mòn lan Arawon pral mouri. 27 Moyiz fè tou sa Seyè a te
mande l' fè a: Devan je tout moun, yo tou twa yo moute
sou mòn Or la. 28 Lèfini, Moyiz wete rad espesyal ki te
sou Arawon yo, li mete yo sou Eleaza, pitit gason Arawon
an. Se la sou tèt mòn lan Arawon mouri. Apre sa, Moyiz
ak Eleaza desann desann yo sou mòn lan. 29 Tout pèp la
vin konnen Arawon te mouri. Se konsa tout moun nan pèp
Izrayèl la pase trant jou ap kriye pou Arawon.

21 Wa lavil Arad la, nan rejyon Negèv la, te yon moun
peyi Kanaran. Lè li vin tande moun pèp Izrayèl yo
t'ap vini sou chemen ki mennen Atarim lan, l' al atake
yo. Li fè kèk ladan yo prizonye. 2 Lè sa a, moun pèp
Izrayèl yo fè yon ve bay Seyè a, yo di konsa: -Si ou lage
moun sa yo nan men nou, n'ap mete yo tout apa pou
ou ansanm ak tout lavil yo. N'ap detwi yo nèt. 3 Seyè a
tande sa yo te mande l' la, epi li ede yo, li fè yo mete men
sou moun Kanaran yo. Moun pèp Izrayèl yo disparèt tout
moun yo ansanm ak tout lavil yo. Se poutèt sa yo rele
kote sa a Oma. 4 Moun Izrayèl yo pati, yo kite mòn Or la,
yo pran wout ki mennen bò Lanmè Wouj la, pou yo pa
pase nan peyi Edon an. Men, antan y'ap vwayaje a, pèp
la vin dekouraje. 5 Pèp la pale Bondye ansanm ak Moyiz
mal, yo leve dèyè yo, yo di konsa: -Poukisa nou fè nou
soti kite peyi Lejip la? Gen lè se pou fè nou vin mouri
nan dezè sa a kote ki pa gen ni manje ni dlo. Nou bouke
manje vye manje sa a ki pa ka fè anyen pou nou ankò. 6
Lè sa a, Seyè a voye yon bann ti sèpan sou pèp la. Kote
sèpan sa yo mòde ou la boule kou dife. Yo mòde pèp la.
Anpil moun te mouri. 7 Pèp la vin jwenn Moyiz, yo di l'
konsa: -Nou rekonèt nou fè sa ki mal lè nou pale kont
Seyè a ak kont ou menm tou. Tanpri, lapriyè Seyè a pou
nou pou l' fè sèpan sa yo ale. Moyiz lapriyè pou pèp la
vre. 8 Seyè a di Moyiz konsa: -Fè pòtre yon sèpan parèy
ak sèpan sa yo. Mete l' sou yon poto byen wo. Konsa,
depi yon sèpan mòde yon moun, moun lan va annik gade
pòtre sèpan an, epi li p'ap mouri. 9 Moyiz pran kwiv, li
fonn li, li fè yon sèpan parèy ak sèpan yo. Lèfini, li mete l'
sou yon poto byen wo. Tout moun sèpan mòde, depi yo
voye je yo gade sèpan an kwiv la, yo pa mouri. 10 Moun
pèp Izrayèl yo pati, y' al moute kan yo nan fon Obòt la. 11
Apre sa, yo kite fon Obòt, y' al moute kan yo bò mazi
Abarim yo nan dezè ki sou bò lès peyi Moab la. 12 Apre
sa ankò, yo kite kote yo te ye a, y' al moute kan yo nan
ravin Zerèd. 13 Lè yo kite ravin Zerèd, y' al moute kan yo
lòt bò larivyè Anon nan dezè ki rive jouk nan teritwa moun
Amori yo. Rivyè Anon sa a te sèvi fwontyè ant peyi Moab
ak peyi Amori a. 14 Se poutèt sa, nan liv istwa ki rakonte
batay Seyè a, nou jwenn yo pale sou lavil Vayèb, nan peyi
Soufa a, ak ravin li yo, sou rivyè Anon 15 avèk fon lavalas
li yo, ki desann bò lavil Amoab la nan direksyon fwontyè
peyi Moab la. 16 Apre sa, yo kite kote yo te ye a, y' al yon
kote yo rele Beyè. Se la Seyè a te pale ak Moyiz, lè li te
di l': Reyini tout pèp la. Mwen pral ba yo dlo. 17 Lè sa a,
moun Izrayèl yo pran chante chante sa a: Pi a bay dlo!
Annou chante pou sa! 18 Pi chèf yo te fouye Avèk baton
kòmandan yo! Pi grannèg yo te fouye Avèk baton yo sèvi
lè y'ap mache a! Apre sa, yo kite dezè a, y' al moute kan
yo Matana. 19 Lè yo kite Matana, y' ale Nakalyèl. Lè yo
kite Nakalyèl, yo moute Bannòt. 20 Lè yo kite Bannòt, y'
ale nan fon ki nan peyi Moab la, jouk sou tèt mòn Pisga,
kote y'ap gade tout dezè a nan pye yo. 21 Lè sa a, moun
pèp Izrayèl yo voye mesaje bò kote Siyon, wa peyi Amori
a, pou di l' konsa: 22 -Kite nou pase ase nan mitan peyi
ou la! Nou p'ap kite wout nou pou pase nan mitan jaden
ou, ni nan mitan pye rezen ou yo. Ata bwè nou p'ap bwè
dlo nan pi ou yo. N'ap rete sou gran chemen ou va moutre
nou an, jouk n'a fin travèse lòt bò peyi ou la. 23 Men,
Siyon pa t' vle kite pèp Izrayèl la pase sou tè li yo. Li leve
tout pèp l' a, li mache sou moun pèp Izrayèl yo, l' al kontre
ak yo yon kote nan dezè a yo rele Jaza, l' atake yo. 24
Men, moun Izrayèl yo touye anpil ladan yo nan batay la,
yo pran tout peyi a nan men yo, depi larivyè Anon nan sid
rive larivyè Jabòk nan nò, toupre fwontyè peyi Amon an, ki
te yon fwontyè byen gade. 25 Se konsa, moun Izrayèl yo
pran tout lavil moun Amori yo, depi Esbon, kapital la ak lòt
ti bouk nan vwazinaj li ki te sou kont li, epi yo rete ladan
yo tout. 26 Lavil Esbon te kapital peyi a. Se la Siyon, wa
peyi Amori a, te rete. Se menm Siyon sa a ki te goumen
kont ansyen wa peyi Moab la epi ki te pran tout peyi a
pou li jouk larivyè Anon. 27 Se poutèt sa sanba yo di: -
Ann ale Esbon! Ann al bati l' ankò! Ann al mete lavil wa
Siyon an kanpe sou de pye l' ankò! 28 Paske yon sèl dife
te soti lavil Esbon, Wi, lame wa Siyon an derape tankou
yon flanm dife, li boule lavil A Moab. Li devore tout chèf ki
rete sou mòn Anon an. 29 Sa pral rèd nèt pou nou, moun

peyi Moab! Nou pèdi nèt, nou menm sèvitè Kemòch!
Bondye nou an fè pitit gason nou yo kouri al kache. Li
kite pitit fi nou yo tounen prizonye nan men Siyon, wa
peyi Amori a. 30 Men koulye a, se moun lavil Esbon yo ki
pèdi nèt fwa sa a! Nou mete kou sou yo depi lavil Esbon
rive Dibon! Nou devaste peyi a kite l' blanch jouk Nofak,
toupre Medeba. 31 Se konsa, moun pèp Izrayèl yo vin
rete nan peyi Amori a. 32 Moyiz menm voye kèk moun
wè ki jan sa ye nan lavil Jazè. Apre sa, moun Izrayèl yo
mache pran lavil la ak lòt ti bouk ki nan vwazinaj li. Kote
yo pase, yo mete moun Amori yo deyò lakay yo. 33 Apre
sa, moun pèp Izrayèl yo tounen sou wout yo, yo pran
chemen ki mennen lavil Bazan. Epi Og, wa lavil Bazan
an, leve tout pèp l' a, li vin kontre ak yo pou l' atake yo
bò Edreyi. 34 Seyè a di Moyiz konsa: -Ou pa bezwen
pè msye! M'ap fè nou kraze l' anba pye nou, li menm
ansanm ak tout pèp l' a. M'ap fè nou pran peyi l' la pou
nou. Nou pral fè l' pase sa nou te fè Siyon, wa peyi Amori
ki te rete Esbon an, pase. 35 Se konsa, moun pèp Izrayèl
yo touye Og, ansanm ak pitit gason l' yo ak tout pèp l' a.
Yo pa kite yonn chape, yo pran tout peyi a pou yo.

22 Moun pèp Izrayèl yo kite kote yo te ye a, y' al moute
kan yo nan plenn Moab, ki lòt bò larivyè Jouden,
anfas lavil Jeriko. 2 Lè wa Balak, pitit Zipò, wè tou sa
moun pèp Izrayèl yo te fè moun Amori yo, 3 li menm ak
tout moun pèp Moab yo te vin pè pèp Izrayèl la kou chat,
paske moun pèp Izrayèl yo te anpil anpil. 4 Moun Moab
yo pale ak chèf fanmi moun Madyan yo, yo di yo: -Bann
moun sa yo pral manje tou sa ki alantou nou, tankou
bèf k'ap manje zèb nan savann. Lè sa a, se Balak, pitit
Zipò, ki te wa peyi Moab. 5 Li voye kèk mesaje bò kote
Balaram, pitit Beyò a, ki te rete lavil Petò, bò gwo larivyè
Lefrat la nan peyi moun Amaf yo. Men komisyon li te voye
ba li: -Men, gen yon pèp la a ki soti nan peyi Lejip. Y'ap
mache pran tout peyi pou yo. Koulye a, men yo kanpe
toupre lòt bò fwontyè peyi mwen an. 6 Tanpri, vini non. Vin
madichonnen yo pou mwen, paske yo pi fò pase m'. Lè sa
a, ou pa janm konnen, m'a ka bat yo, m'a mete yo deyò
nan peyi a. Paske mwen konnen lè ou beni yon moun, li
beni nèt, Konsa tou, lè ou bay yon moun madichon, li
madichonnen nèt. 7 Se konsa, chèf fanmi moun Moab yo
ak chèf fanmi moun Madyan yo pati. Yo te pote ak yo
sa ki te nesesè pou peye konsiltasyon an. Yo rive kay
Balaram, epi yo ba li komisyon Balak la. 8 Balaram di
yo: -Bon. Nou mèt pase nwit la isit la. Denmen m'a ban
nou repons mwen dapre sa Seyè a va fè m' konnen. Se
konsa, chèf fanmi moun Moab yo rete lakay Balaram. 9
Bondye vin bò kote Balaram, li di l' konsa: -Ki moun sa yo
ki lakay ou a? 10 Balaram reponn: -Se Balak, pitit Zipò a,
wa peyi Moab, ki voye yo vin di m': 11 Men gen yon pèp
ki soti nan peyi Lejip k'ap mache pran tout peyi pou yo.
Tanpri, vini ba yo madichon pou li. Konsa, l'a ka rive bat
yo, l'a ka mete yo deyò nan peyi a. 12 Men Bondye di
Balaram konsa: -Piga ou ale ak mesye sa yo, tande. Piga
ou bay pèp Izrayèl la madichon, paske se mwen ki beni
yo. 13 Nan denmen maten, byen bonè, Balaram leve, l' al
jwenn moun Balak te voye yo, li di yo: -Tounen lakay nou,
paske Seyè a pa vle kite m' ale ak nou. 14 Se konsa chèf
moun Moab yo leve, yo tounen bò kote Balak, yo di l'
konsa: -Balaram refize vini avèk nou! 15 Lè sa a, Balak
voye yon bann lòt chèf kote Balaram ankò. Men, fwa sa a
chèf sa yo te pi plis, epi yo te pi grannèg pase premye yo.
16 Mesye yo leve vre, y' ale bò kote Balaram, epi yo di l'
konsa: -Men sa Balak, pitit Zipò a, voye di ou: Tanpri, pa
kite anyen anpeche ou vin bò kote m'. 17 Gade: m'ap kite
anpil bèl bagay pou ou. M'ap fè tou sa ou di m' fè. Tanpri,
vini non! Vin bay pèp sa a madichon pou mwen. 18 Men,
Balaram reponn moun Balak yo, li di yo: -Balak te mèt
ban mwen kay li plen ajan ak lò, mwen p'ap fè anyen,
ni lou ni lejè, ki pou fè m' dezobeyi lòd Seyè a, Bondye
mwen an. 19 Yon sèl bagay, nou mèt dòmi isit la aswè a,
pou m' ka konnen si Seyè a gen lòt bagay li vle di m'
ankò. 20 Jou lannwit sa a, Bondye vin jwenn Balaram, epi
li di l' konsa: -Si se chache mesye sa yo vin chache ou,
ou mèt leve ale ak yo. Men, se sa mwen di ou fè ase pou
ou fè. 21 Nan denmen maten, byen bonè, Balaram leve, li
sele manman bourik l' a, epi li pati avèk chèf moun Moab
yo. 22 Pati Balaram pati, Bondye fache sou li. Se konsa,
antan Balaram taprale sou manman bourik l' a, avèk de
domestik ki t'ap mache avè l' yo, zanj Seyè a vin kanpe
nan mitan wout la pou bare chemen l'. 23 Lè manman
bourik la wè zanj Seyè a ki te kanpe nan mitan wout la
avèk nepe li nan men l', bourik la chankre, li lage kò l' nan
jaden. Balaram bat bourik la jouk li fè l' tounen sou wout
la. 24 Men zanj Seyè a vin kanpe yon kote wout la te
jennen, kote wout la pase nan mitan de jaden rezen avèk
yon miray kloti sou chak bò. 25 Lè manman bourik la
wè zanj Seyè a, l' al fwote kò l' sou miray la. Se konsa
li kwense pye Balaram sou miray la. Balaram tanmen
bat l' ankò. 26 Zanj Seyè a fè yon ti mache ankò, epi
l' al kanpe yon kote wout la te pi jennen toujou, kifè pa
t' gen yon ti espas menm pou pase ni adwat, ni agoch.
27 Lè bourik la wè zanj Seyè a, fwa sa a, li kouche ak
tout Balaram sou li. Balaram fache, li tonbe bat bourik la
ak gwo baton ki te nan men l' lan. 28 Lè sa a, Seyè a
bay bourik la lapawòl. Bourik la di Balaram konsa: -Kisa
m' fè ou? Poukisa an twa fwa ou bat mwen konsa: 29
Balaram di bourik la konsa: -Se paske w'ap pase m' nan
jwèt! Pa pito se te yon manchèt osinon yon nepe ki te
nan men m', ou ta gen tan konnen. Ou mouri lontan! 30
Bourik la reponn, li di l': -Eske se pa bourik ou mwen ye!
Se pa sou mwen ou toujou moute depi tout tan jouk jòdi
a? Ou janm wè mwen konn aji konsa avè ou? Balaram
reponn: -Non! 31 Lè sa a, Seyè a louvri je Balaram, li fè
l' wè zanj lan ki te kanpe nan mitan wout la avèk nepe
l' nan men l'. Balaram lage kò l' fas atè. 32 Zanj lan di
l' konsa: -Poukisa an twa fwa ou bat bourik la konsa?
Se mwen menm ki vin bare chemen ou, paske ou pa t'
dwe al fè vwayaj sa a. 33 Men bourik ou a te wè m'. Se
poutèt sa, an twa fwa, li te vle chankre. Men, ou mèt di l'

mèsi, paske si li pa t' fè sa, mwen ta gen tan touye ou. Li
menm, mwen pa t'ap fè l' anyen. 34 Balaram reponn: -Sa
m' fè a pa bon, vre! Sèlman, mwen pa t' konnen se ou
menm ki te bare wout la devan m'. Men si koulye a ou pa
vle m' al pi lwen, m'ap tou tounen lakay mwen. 35 Men,
zanj Bondye a di li: -Ou mèt ale ak mesye yo. Sèlman, pa
di anyen pase sa m'a di ou di. Se konsa Balaram ale ak
chèf Balak te voye bò kote l' yo. 36 Lè Balak vin konnen
Balaram t'ap vini, li pati, l' al kontre l' jouk Amoab, yon
lavil sou fwontyè bò larivyè Anon an. 37 Balak di Balaram
konsa: -Ki jan fè mwen voye moun al chache ou, ou pa
vin jwenn mwen? Se konprann ou konprann mwen pa ta
ka resevwa ou jan ou merite l' la? 38 Balaram reponn: -
Apa mwen vini fwa sa a! Men mwen tou pale ou, se pawòl
Bondye va mete nan bouch mwen ase m'ap di. 39 Se
konsa, Balaram ale avèk Balak jouk yo rive lavil Kiriyat-
Ousòt. 40 Rive la, Balak fè touye bèf ak mouton, epi li
voye kèk moso vyann bay Balaram ansanm ak chèf ki te
avè l' yo. 41 Nan denmen maten, Balak pran Balaram, yo
moute sou mòn Bamòtbaal. Antan yo la, yo te kapab wè
yon pòsyon nan moun Izrayèl yo.

23 Balaram di Balak konsa: -Bati sèt lotèl isit la pou
mwen. Apre sa, ban mwen sèt towo bèf ak sèt belye
mouton. 2 Balak fè sa Balaram te di l' fè a. Lèfini, Balaram
ak Balak touye yon towo bèf ak yon belye mouton sou
chak lotèl. 3 Apre sa, Balaram di Balak konsa: -Rete
kanpe bò kote ofrann ou mete ap boule la a. Mwen menm,
mwen pral wè si Seyè a p'ap vin jwenn mwen. Apre sa,
m'a fè ou konnen sa l'a fè m' wè a. Epi l' ale sou tèt yon ti
mòn ki pa t' gen yon ti pyebwa sou li. 4 Epi Bondye vin
jwenn li la. Balaram di l' konsa: -Mwen te fè bati sèt lotèl
pou ou, epi mwen te touye yon towo bèf ak yon belye
mouton sou chak lotèl pou ou. 5 Seyè a pale ak Balaram
byen pale. Apre sa, li di l': -Tounen bò kote Balak. W'a pale
avè l' jan mwen di ou la. 6 Se konsa, Balaram tounen bò
kote Balak. Li jwenn li kanpe bò ofrann boule yo ansanm
ak lòt chèf moun Moab yo. 7 Lèfini, li pran chante chante
sa a: -Balak fè m' kite peyi m', peyi Aram. Wa Moab la fè
m' desann soti nan mòn bò solèy leve yo. Li di m': Vini
non! Vin bay moun Jakòb yo madichon. Vini non! Vin
kraponnen moun Izrayèl yo. 8 Men ki jan ou ta vle pou m'
madichonnen moun Bondye pa madichonnen? Ki jan ou
ta vle pou m' kraponnen moun Bondye pa kraponnen? 9
Mwen kanpe sou tèt gwo wòch yo, mwen wè yo. Antan
mwen sou ti mòn yo, m'ap gade anba: Wi, se yon pèp
k'ap viv yon jan apa pou kont li. Se yon pèp ki pa menm
ak lòt pèp yo! 10 Ki moun ki ka konte valè pitit Jakòb
genyen? Yo anpil tankou grenn pousyè ki sou latè. Ki
moun ki ka konte valè pitit Izrayèl yo ye? Mwen ta renmen
mouri tankou moun ki mache dwat devan Bondye. Mwen
ta renmen fini tankou yo ak kè poze. 11 Balak di Balaram:
-Kisa w'ap fè m' konsa? Mwen mennen ou isit la pou bay
lènmi m' yo madichon, epi se beni mwen wè w'ap beni
yo! 12 Balaram reponn: -Mwen te tou di ou se sèlman
pawòl Seyè a va mete nan bouch mwen m'ap di. 13 Balak
di Balaram konsa: -Ann al avè m' yon lòt kote. Antan
ou va la, ou p'ap wè tout pèp Izrayèl la, men sèlman
yon pòsyon ladan l'. W'a rete kanpe la, epi w'a bay ti sa
w'a wè a madichon pou mwen. 14 Balak pran Balaram,
li mennen l' nan jaden Santinèl yo, sou tèt mòn Pisga.
Lè l' rive la, li bati sèt lotèl. Epi li touye yon jenn ti towo
bèf ak yon belye mouton sou chak lotèl pou Bondye. 15
Balaram di Balak konsa: -Rete kanpe bò kote ofrann ou
mete boule sou lotèl yo. Mwen menm, mwen pral kontre
ak Bondye pi devan. 16 Seyè a vin jwenn Balaram, li pale
ak Balaram byen pale ankò, epi li di l': -Tounen al jwenn
Balak. W'a pale avè l' jan mwen di ou la. 17 Se konsa
Balaram tounen bò kote Balak, li jwenn li kanpe bò ofrann
boule yo ansanm ak tout chèf moun Moab yo. Epi Balak
mande l': -Kisa Seyè a di konsa? 18 Epi Balaram pran
chante chante sa a: -Souke kò ou, Balak! Vin tande! Pare
zòrèy ou, pitit Zipò! 19 Bondye pa tankou moun k'ap bay
manti. Non! Li pa tankou moun k'ap chanje lide yo pou ti
krik ti krak! Depi li pwomèt yon bagay, l'ap fè l'. Depi li
pale, fòk sa li di a rive vre! 20 Yo ban m' lòd pou m' beni
pèp Izrayèl la! Lè Bondye fin bay benediksyon l', nanpwen
anyen mwen ka fè ankò. 21 Mwen pa wè okenn malè
pou moun Jakòb yo. Ni mwen pa wè okenn traka pou
moun Izrayèl yo. Seyè a, Bondye yo a, l'a avèk yo. Yo
tout kontan, y'ap fè konnen se li ki wa yo. 22 Paske, lè
Bondye t'ap fè yo soti kite peyi Lejip la, li te ba yo fòs pou
yo te goumen tankou towo mawon. 23 Pa gen wanga ki
ka pran sou moun Jakòb yo. Pa gen maji ki ka fè moun
Izrayèl yo anyen. Lè lè a va rive, y'a di moun Jakòb yo ak
moun Izrayèl yo: Gade sa Seyè a fè pou nou! 24 Gade!
Pèp Izrayèl la kanpe tankou yon manman lyon. Yo leve
kanpe tankou yon mal lyon. Yo p'ap chita toutotan yo pa
fin devore moun ki tonbe anba men yo, toutotan yo pa fin
bwè san moun yo touye yo. 25 Lè sa a, Balak di Balaram
konsa: -Menm jan ou pa vle ba yo madichon an, ou pa t'
dwe asepte ba yo benediksyon non plis. 26 Men, Balaram
reponn Balak, li di l': -Mwen te tou pale ou wi. Mwen te di
ou: Tou sa Seyè a va di m' fè, se sa m'ap fè. 27 Balak di
Balaram konsa: -Ann al non! Mwen pral mennen ou yon
lòt kote. Ou pa janm konnen, antan ou la a, Bondye ka
kite ou bay pèp la madichon pou mwen. 28 Balak mennen
Balaram sou tèt mòn Peyò a. Antan yo la, yo dekouvri tout
dezè a nan pye yo. 29 Balaram di Balak konsa: -Bati sèt
lotèl pou mwen isit la. Lèfini, fè m' jwenn sèt jenn ti towo
bèf ak sèt belye mouton. 30 Balak fè tou sa Balaram te di
l' fè a, epi li touye yon ti towo bèf ak yon belye mouton
sou chak lotèl pou Bondye.

24 Lè sa a, Balaram te fin konprann se yon sèl bagay
Seyè a te vle, se beni pou li beni pèp Izrayèl la.
Se poutèt sa, li pa fè tankou lòt fwa yo. Li pa al chache
konnen sa Seyè a te vle fè l' konnen an. Men, li bay fas li
sou dezè a. 2 Li leve je l', epi li wè moun pèp Izrayèl
yo ak tant yo byen ranje, chak branch fanmi apa. Lespri
Bondye desann sou li. 3 Epi li pran chante chante sa
a: -Men sa mwen menm, Balaram, pitit Bèyò, m'ap di:

Men pawòl k'ap soti nan bouch moun Bondye te louvri je
a, **4** pawòl moun ki te tande sa Bondye ap di a, pawòl
moun ki te wè sa Bondye ki gen tout pouvwa a fè l' wè a.
Lè sa a, li te tonbe fas atè, men Bondye te louvri je l'. **5**
Ala bèl tant nou yo bèl, moun Jakòb yo! Ala bèl kote nou
rete a bèl, moun Izrayèl yo! **6** Yo laji kò yo tankou dlo
larivyè k'ap desann. Yo tankou jaden k'ap pouse sou bò
larivyè, tankou yon pye lalwa Bondye li menm ta plante,
tankou yon pye sèd k'ap grandi bò kannal dlo. **7** Lame
pèp Izrayèl la ap fè nasyon yo tranble. Pèp Izrayèl la
ap donminen sou anpil lòt pèp. Wa li yo ap pi fò pase
wa Agag, Y'ap gouvènen sou anpil nasyon. **8** Bondye
te mennen yo soti kite peyi Lejip. Li te goumen pou yo
tankou yon towo mawon. L'ap manje tout nasyon ki pa vle
wè yo. L'ap kraze tout zo yo an miyèt moso. L'ap pèse yo
pak an pak ak flèch li yo. **9** Pèp Izrayèl la chita atè a, l' ap
pran repo, tankou yon lyon, tankou yon fenmèl lyon. Lè
l'ap dòmi, ki moun ki ka penmèt yo leve l'? benediksyon
pou tout moun ki mande benediksyon pou pèp Izrayèl
la! Madichon pou tout moun k'ap mande madichon pou
pèp Izrayèl la! **10** Lè sa a, Balak fè yon sèl move sou
Balaram, li frape pye l' atè, li di konsa: -Mwen te rele ou
isit la pou bay lènmi m' yo madichon pou mwen. Men,
gade sa ou fè. Se beni ou beni yo pito. Sa fè twa fwa ou
fè sa. **11** Koulye a, pito ou kouri al lakay ou, tande. Mwen
te pwomèt pou m' te fè anpil bèl bagay pou ou. Men, gade
sa Seyè a fè ou: ou pèdi tout. **12** Balaram reponn, li di l'
konsa: -Mwen te tou pale moun ou te voye chache m' yo.
Mwen te di yo: **13** Balak te mèt ban mwen kay li plen
ajan ak lò, mwen p'ap fè anyen poutèt pa m' ki pou fè m'
dezobeyi lòd Seyè a, ni an byen ni an mal. Sa Seyè a di
m' di, se sa ase m'ap di. **14** Balaram di Balak ankò: -Wi,
koulye a mwen pral lakay mwen. Men, anvan m' ale, vini
m' di ou kisa pèp Izrayèl la pral fè pèp ou a nan jou k'ap
vini yo. **15** Epi Balaram pran chante chante sa a: -Men sa
mwen menm, Balaram, pitit Bèyò, m'ap di. Men pawòl
k'ap soti nan bouch moun Bondye te louvri je a, **16** moun
ki ka tande sa Bondye ap di a, moun ki gen konesans ki
soti nan men Bondye ki anwo nan syèl la, moun ki te wè
sa Bondye ki gen tout pouvwa a fè l' wè a. Li te tonbe fas
atè, men Bondye te louvri je l'. **17** Mwen wè sa ki gen pou
rive pèp Izrayèl la. M'ap gade sa ki pral rive l' pita. Tankou
yon gwo zetwal, mwen wè yon chèf k'ap soti nan fanmi
Jakòb la. Yon gwo wa pral leve nan mitan pèp Izrayèl la.
L'ap kraze chèf Moab yo, l'ap detwi tout pitit Sèt yo. **18**
Y'a deposede moun Edon yo. Y'a pran peyi Seyi a nan
men lènmi l' yo. Men, yo menm, moun Izrayèl yo, y'ap
fè mèvèy nan lagè. **19** Yon gwo chèf pral soti nan pèp
Izrayèl la. L'a gouvènen sou yo tout. L'a touye rès moun ki
te rete nan lavil yo apre batay la. **20** Apre sa, Balaam wè
moun Amalèk yo nan vizyon l' lan. Li bay mesaj sa a, li
di konsa: -Moun Amalèk yo, se yon nasyon ki fò anpil.
Men, bout pou bout, yo gen pou yo disparèt nèt. **21** Apre
sa, Balaram wè moun Kayen yo nan vizyon l' lan. Li bay
mesaj sa a, li di konsa: -Kote ou rete a ou byen pwoteje.
Ou ta di yon nich poze sou tèt yon gwo falèz. **22** Men, wè
pa wè, moun Kayen yo la pou yo fini mal. Peyi Lasiri va
depòte yo. **23** Balaram pran pale ankò. Li bay mesaj sa a,
li di ankò: -Kilès ki va la lè Bondye va fè tou sa? **24** Lè sa
a, moun ap soti lavil Kitim nan bato vin anvayi peyi a.
Yo pral kraze peyi Lasiri ak lavil Babilòn. Men, ata moun
Kitim yo gen pou disparèt nèt tou. **25** Apre sa, Balaram
leve, li tounen tounen l' lakay li. Epi Balak al fè wout li.

25 Pèp Izrayèl la vin moute tant yo nan Fon Zakasya
yo. Lè sa a, mesye yo konmanse lage kò yo nan
vagabondaj ak fanm peyi Moab yo. **2** Medam peyi Moab
yo menm envite yo nan seremoni ofrann bèt yo t'ap touye
pou bondye pa yo. Moun pèp Izrayèl yo ale vre, yo manje
epi yo sèvi bondye moun Moab yo. **3** Se konsa pèp
Izrayèl la pran sèvi Baal-Peyò. Sa te fè Seyè a ankòlè
anpil sou moun pèp Izrayèl yo. **4** Seyè a di Moyiz konsa: -
Pran tout chèf pèp la, pann yo gwo midi devan mwen.
Konsa, mwen p'ap ankòlè sou yo ankò. **5** Moyiz di chèf ki
te reskonsab pèp la: -Se pou nou chak nou touye tout
gason nan moun nou yo ki te al sèvi Baal-Peyò. **6** Lè
sa a, antan tout moun yo t'ap kriye sou devan pòt Tant
Randevou a, yonn nan gason pèp Izrayèl la ale, li mennen
yon fanm peyi Madyan lakay li, devan Moyiz ak tout moun
pèp Izrayèl la. **7** Lè Fineas, pitit gason Eleaza a, pitit pitit
Arawon, prèt la, wè sa, li leve, li kite moun yo kote yo te
reyini an, li pase men l', li pran yon frenn. **8** Li swiv nonm
lan ak fanm lan anba tant lan, epi li pèse tou de, ni nonm
lan ni fanm lan, ak frenn lan anba ti vant yo. Lamenm,
epidemi ki t'ap ravaje pèp la sispann. **9** Te gen vennkatmil
(24.000) moun ki te gen tan mouri nan epidemi an. **10**
Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **11** -Se Fineas, pitit
gason Eleaza a, pitit pitit gason Arawon prèt la, ki te fè m'
sispann ankòlè sou pèp la. Paske nan tout moun sa yo,
se li menm ki pa t' ka sipòte wè yon moun nan pèp Izrayèl
la kite m' pou l' al sèvi yon lòt bondye. Se poutèt sa, atout
mwen t'ap fè jalouzi a, mwen pa fin touye tout pèp la nèt.
12 Men sa pou ou di Fineas pou mwen: m'ap siyen yon
kontra avè l' ki pou ba li kè poze. **13** M'ap mete li, li menm
ak tout ras fanmi l' apre li, pou yo sèvi m' prèt pou tout
tan. Paske li te fè m' wè jan li pa t' tolere moun sèvi lòt
bondye pase mwen. Se konsa li fè m' padonnen sa pèp la
te fè ki mal la. **14** Nonm pèp Izrayèl ki te mouri ansanm
ak fanm peyi Madyan an te rele Zimri. Se te pitit gason
Salou, chèf nan branch fanmi Simeyon an. **15** Fanm peyi
Madyan yo te touye a te rele Kozbi. Se te pitit fi Sou, ki li
menm te chèf yon branch nan fanmi moun Madyan yo. **16**
Lè sa a, Seyè a pale ak Moyiz, li di l': **17** -Al atake moun
Madyan yo. Bat yo byen bay. **18** Paske se yo menm ki te
atake nou anvan ak malefis yo te voye sou nou nan zafè
Peyò a, ak nan zafè Kozbi a, pitit fi chèf peyi Madyan an,
moun menm ras ak yo a, fanm yo te touye lè epidemi te
tonbe sou nou nan peyi Peyò a.

26 Apre epidemi an, Seyè a pale ak Moyiz ansanm ak
Eleaza, pitit gason Arawon, prèt la, li di yo konsa: **2**

-Nou pral fè resansman tout moun pèp Izrayèl la, tou sa
ki gen ventan osinon ki pi gran, chak fanmi apa, dapre
zansèt yo. W'a pran non tout gason nan pèp Izrayèl la ki
bon pou fè lagè. **3** Se konsa, antan pèp la nan plenn peyi
Moab yo, toupre larivyè Jouden, anfas lavil Jeriko, Moyiz
ak Eleaza, prèt la, ba yo lòd **4** pou tout gason ki gen
ventan osinon ki pi gran vin bay non yo, dapre lòd Seyè a
te bay Moyiz. Men moun pèp Izrayèl la ki te soti kite peyi
Lejip: **5** Nan branch fanmi Woubenn, premye pitit gason
Izrayèl la, te gen fanmi moun Enòk yo, fanmi moun Palou
yo, **6** fanmi moun Ezwon yo ak fanmi moun Kami yo. **7**
Se tout moun sa yo ki nan branch fanmi Woubenn lan.
Lè resansman an, yo te jwenn karanntwamil sètsantrant
(43.730) gason nan branch fanmi sa a. **8** Palou te papa
Eliyab. **9** Eliyab te papa Nemwèl, Datan ak Abiram. Se
Datan ak Abiram sa yo, de nèg moun yo te konsidere
anpil, ki te revòlte kont Moyiz ak Arawon. Yo te fè pati
bann moun Kore yo ki te revòlte kont Seyè a. **10** Lè sa a,
tè a te louvri, li vale yo, epi yo mouri ansanm ak Kore ak
tout bann moun li yo. Jou sa a, dife te boule desansenkant
(250) moun. Se te yon avètisman pou pèp la. **11** Men, pitit
gason Kore yo pa t' mouri lè sa a. **12** Men pitit gason
Simeyon yo ak tout kòt fanmi yo. Te gen fanmi moun
Nemwèl yo, fanmi moun Yamen yo, fanmi moun Yakim
yo, **13** fanmi moun Zera yo ak fanmi moun Sayil yo. **14**
Se tout moun sa yo ki nan branch fanmi Simeyon an. Lè
resansman an, te gen venndemil desan (22.200) gason
nan branch fanmi sa a. **15** Men pitit gason Gad yo ak
tout kòt fanmi yo. Te gen fanmi moun Sefon yo, fanmi
moun Agi yo, fanmi moun Chouni yo, **16** fanmi moun Ozni
yo, fanmi moun Eri yo, **17** fanmi moun Awòd yo, fanmi
moun Areli yo. **18** Se tout moun sa yo ki nan branch
fanmi Gad la. Lè resansman an, te gen karantmil senksan
(40.500) gason nan branch fanmi sa a. **19** Men pitit gason
Jida yo. Te gen Er ak Onan, men yo tou de mouri nan
peyi Kanaran san kite pitit. **20** Apre yo, te gen Chela,
Perèz ak Zirak, ki bay yo chak yon kòt fanmi. **21** Perèz
te gen de pitit gason. Yo chak bay yon fanmi apa. Se te
fanmi Eswon an ak fanmi Amoul lan. **22** Se tout moun
sa yo ki nan branch fanmi Jida a. Lè resansman an, te
gen swasannsèzmil senksan (76.500) gason nan branch
fanmi sa a. **23** Men pitit gason Isaka yo ak tout kòt fanmi
yo. Te gen fanmi moun Tola yo, fanmi moun Pouva yo,
24 fanmi moun Yachoub yo, fanmi moun Chimwon yo.
25 Se tout moun sa yo ki te fè pati branch fanmi Isaka
a. Lè resansman an, yo te jwenn swasannkatmil twasan
(64.300) gason nan branch fanmi sa a. **26** Men pitit gason
Zabilon yo ak tout kòt fanmi yo. Te gen fanmi moun Serèd
yo, fanmi moun Elon yo, fanmi moun Yaleyèl yo. **27** Se
tout moun sa yo ki te fè pati branch fanmi Zabilon an. Lè
resansman an, yo te jwenn swasantmil senksan (60.500)
gason nan branch fanmi sa a. **28** Jozèf te gen de pitit
gason: Manase ak Efrayim. **29** Men pitit gason Manase yo
ak tout kòt fanmi yo: Te gen fanmi moun Maki yo. Maki
te papa Galarad ki te bay fanmi moun Galarad yo. **30**
Galarad te fè sis pitit gason, yo chak bay yon branch
fanmi. Te gen fanmi moun Yezè yo, fanmi moun Elèk yo,
31 fanmi moun Asriyèl yo, fanmi moun Sichèm yo, **32**
fanmi moun Chemida yo, fanmi moun Efè yo. **33** Men
Zelofeyad, pitit gason Efè a, pa t' gen pitit gason. Se
annik pitit fi li te genyen. Men non yo: Se te Mala, Noa,
Ogla, Milka ak Tisa. **34** Se tout moun sa yo ki te fè pati
branch fanmi Manase a. Lè resansman an, yo te jwenn
senkanndemil sètsan (52.700) gason nan branch fanmi sa
a. **35** Men pitit gason Efrayim yo ak tout kòt fanmi yo: Te
gen fanmi moun Choutela yo, fanmi moun Bekè yo, fanmi
moun Tayan yo. **36** Choutela poutèt pa l' te gen yon pitit
gason. Se te Eran ki bay yon fanmi apa. **37** Se tout moun
sa yo ki te nan branch Efrayim lan. Lè resansman an, yo
te jwenn tranndemil senksan (32.500) gason nan branch
fanmi sa a. **38** Men pitit gason Benjamen yo ak tout kòt
fanmi yo: Te gen fanmi moun Bela yo, fanmi moun Achbèl
yo, fanmi moun Ayiram yo, **39** fanmi moun Choufan yo
ak fanmi moun Oufam yo. **40** Bela pou tèt pa l' te gen
de pitit gason ki bay de lòt branch nan branch fanmi an
ankò. Se te Ad ak Naaman. **41** Se tout moun sa yo ki te
fè pati branch fanmi Benjamen an. Lè resansman an, yo
te jwenn karannsenkmil sisan (45.600) gason nan branch
fanmi sa a. **42** Men pitit gason Dann lan ak tout kòt fanmi
l'. Se te fanmi moun Chwanm yo. Se tout moun sa yo ki te
fè pati branch fanmi Dann lan. **43** Lè resansman an, yo te
jwenn swasannkatmil katsan (64.400) gason nan branch
fanmi sa a. **44** Men pitit gason Asè yo ak tout kòt fanmi
yo. Te gen fanmi moun Imna yo, fanmi moun Ichvi yo ak
fanmi moun Berya yo. **45** Berya pou tèt pa l' te gen de
pitit gason ki bay de lòt branch nan fanmi an ankò: Se
te Ebè ak Malkiyèl. **46** Asè te gen yon pitit fi yo te rele
Sera. **47** Se tout moun sa yo ki te fè pati branch fanmi
Asè a. Lè resansman an, yo te jwenn senkanntwamil
katsan (53.400) gason nan branch fanmi sa a. **48** Men
pitit gason Neftali yo ak tout kòt fanmi yo. Te gen fanmi
moun Yazeyèl yo, fanmi moun Gouni yo, **49** fanmi moun
Yesè yo ak fanmi moun Chilèm yo. **50** Se tout moun sa yo
ki te fè pati branch fanmi Neftali a, fanmi pa fanmi. Lè
resansman an, yo te konte karannsenkmil katsan (45.400)
gason nan fanmi sa yo. **51** Konsa, te gen antou sisan
enmil sètsantrant (601.730) gason nan tout pèp Izrayèl
la. **52** Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **53** -Nou pral
separe peyi a bay chak fanmi pòsyon pa yo dapre kantite
gason yo jwenn nan chak. **54** Fanmi ki gen anpil gason va
resevwa yon pi gwo pòsyon. Fanmi ki pa gen anpil gason
va resevwa yon pi piti pòsyon. Chak fanmi va resevwa yon
pòsyon dapre kantite gason ki gen ladan l'. **55** Men, pou
fè separasyon peyi a, n'a tire osò: chak fanmi va resevwa
pòsyon pa l' dapre kantite moun yo te konte nan chak. **56**
Y'a tire osò pou yo separe bay chak branch fanmi pòsyon
pa yo: yon gwo pòsyon pou chak branch fanmi ki anpil,
yon ti pòsyon pou chak branch fanmi ki pa anpil. **57** Men,
nan branch fanmi Levi a, men moun yo te konte dapre
fanmi yo. Te gen fanmi Gèchon an, fanmi Keyat la ak

fanmi Merari a. **58** Men lòt fanmi Levi yo: moun Libni yo,
moun Ebwon yo, moun Makli yo, moun Mouchi yo ak
moun Kore yo. Keyat te papa Amram. **59** Madan Amram
te rele Yokebèd. Se te yon pitit fi Levi. Li te fèt nan peyi
Lejip. Li te fè twa pitit pou Amram: Arawon, Moyiz ak
Miryam, sè yo. **60** Arawon te papa kat pitit gason: Nadab,
Abiyou, Eleaza ak Itama. **61** Nadab ak Abiyou te mouri
lè yo te ofri bay Seyè a yon dife yo pa t' dwe ofri. **62**
Lè resansman an, yo te jwenn nan branch fanmi sa a
venntwamil (23.000) gason ki te gen yon mwa depi yo te
fèt osinon ki te pi gran. Yo pa t' konte yo ansanm ak rès
pèp Izrayèl la, paske yo pa t'ap resevwa okenn pòsyon
nan tè ki pou pèp la. **63** Men tout moun Moyiz ak Eleaza
te konte lè yo t'ap fè resansman moun pèp Izrayèl la nan
plenn Moab yo, lòt bò larivyè Jouden, anfas lavil Jeriko.
64 Pami yo pa t' gen yonn menm nan sa Moyiz ak Arawon
te konte lè yo t'ap fè premye resansman pèp Izrayèl la
nan dezè Sinayi a. **65** Paske Seyè a te di yo tout gen pou
mouri nan dezè a. Yo tout te mouri vre, esepte Kaleb, pitit
gason Jefoune a ak Jozye, pitit gason Noun lan.

27 Lè sa a, te gen nan branch fanmi Manase a senk
fi, Mala, Noa, Ogla, Milka ak Tiza. Yo tout te pitit fi
Zelochad. Zelochad sa a te pitit gason Efè. Efè te pitit
gason Galarad, ki te pitit gason Maki, ki li menm te pitit
gason Manase, ki te pitit gason Jozèf. **2** Medam yo vini,
yo kanpe devan Moyiz ak Eleaza, prèt la, devan chèf
fanmi yo ak devan tout pèp la, devan pòt Tant Randevou
a, epi yo di: **3** -Papa nou mouri nan dezè a san li pa kite
okenn pitit gason. Li pa t' fè pati bann moun Kore yo ki te
revòlte kont Seyè a. Se poutèt pwòp peche pa l' yo kifè li
mouri san li pa t' gen tan gen pitit gason. **4** Se pa paske
papa nou pa t' gen pitit gason kifè pou non li disparèt nan
fanmi an. Ban nou yon pòsyon tè tou nan mitan fanmi
papa nou. **5** Moyiz al pale koze a avèk Seyè a. **6** Seyè a
di l' konsa; **7** -Pitit fi Zelochad yo gen rezon. W'a ba yo
yon pòsyon tè ki va rete pou yo nan mitan fanmi papa
yo. W'a ba yo pòsyon tè ki te pou papa yo a. **8** Apre sa,
w'a pale ak moun pèp Izrayèl yo, w'a di yo konsa: Si yon
moun mouri san li pa kite pitit gason, n'a renmèt pòsyon
tè pa l' la bay pitit fi li yo. **9** Si li pa gen pitit fi, n'a renmèt
pòsyon tè pa l' la bay frè l' yo. **10** Si li pa gen frè, n'a
renmèt tè a bay frè papa l' yo. **11** Si papa l' pa t' gen frè,
n'a renmèt li bay fanmi pi pre l' la. Epi tè a va rete pou li.
Se pou moun pèp Izrayèl yo swiv regleman sa a tankou
yon lwa, jan mwen menm Seyè a, mwen te bay Moyiz lòd
la. **12** Seyè a di Moyiz konsa: -Moute sou mòn Abarim.
Voye je ou gade peyi mwen pral bay moun pèp Izrayèl yo.
13 Lè w'a fin wè li, ou pral mouri, tankou Arawon, frè ou la.
14 paske nou tou de nou pa t' fè sa m' te di nou fè a nan
dezè Zin lan. Lè pèp la t'ap chache m' kont bò sous dlo
Meriba yo, nou te refize kite m' fè yo wè pouvwa mwen
nan zafè dlo a. (Meriba se sous dlo bò Kadès nan dezè
Zin lan.) **15** Lè sa a, Moyiz pale ak Seyè a, li di l' konsa:
16 -O Seyè, Bondye ki bay tout moun lavi, tanpri, chwazi
yon nonm ki ka mennen pèp la, **17** yon nonm ki ka mache
alatèt yo nan tout antre soti yo, pou pèp ou a, pèp Seyè a,
pa rete tankou yon bann mouton san gadò pou okipe yo.
18 Seyè a reponn Moyiz: -Pran Jozye, pitit gason Noun
lan. Se yon nonm ki gen lespri Bondye k'ap travay nan kè
l'. W'a mete men ou sou tèt li, **19** epi w'a fè l' kanpe devan
Eleaza, prèt la, ak devan tout pèp la. Epi la, devan yo
tout, w'a ba li tout lòd ou gen pou ba li. **20** W'a separe avè
l' pouvwa otorite ou genyen an, pou tout moun nan pèp
Izrayèl la ka obeyi l'. **21** L'a toujou kanpe devan Eleaza,
prèt la, ki va sèvi ak Ourim yo pou chache konnen sa
mwen vle yo fè. Se konsa, Eleaza va dirije Jozye ak tout
pèp la nan tout antre soti yo. **22** Moyiz fè jan Seyè a te ba
li lòd fè a. Li pran Jozye, li fè l' kanpe devan Eleaza, prèt
la, ak tout pèp la. **23** Li mete men l' sou tèt li, epi li ba li
lòd li yo, jan Seyè a te di l' la.

28 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **2** -Men lòd w'a
bay moun pèp Izrayèl yo. W'a di yo pou mwen: Se
pou yo toujou chonje dat pou yo fè ofrann yo, dat pou yo
vin pote ofrann y'ap boule nèt pou mwen nan dife, ofrann
k'ap fè m' plezi ak bon sant yo. **3** W'a di yo pou mwen:
Men ofrann pou nou boule nan dife pou Seyè a. Chak jou,
san sote yonn, n'a ofri de ti mouton ki gen ennan, ki pa
gen okenn enfimite. N'a boule yo nèt nan dife pou mwen.
4 N'a ofri premye ti mouton an nan maten, n'a ofri lòt la
nan aswè. **5** Ansanm avèk chak ti mouton, n'a ofri sèt ti
mamit farin frans melanje ak de boutèy ka plen pi bon
kalite lwil oliv ou ka jwenn. **6** (Sa se ofrann pou yo boule
nèt chak jou nan dife, ofrann yo te konn fè nan tan lontan
sou mòn Sinayi a, tankou yon manje yo boule pou Seyè
a, yon ofrann k'ap fè Seyè a plezi ak bon sant li.) **7** Avèk
chak ti mouton, n'a ofri de boutèy ka bwason, n'a vide l'
sou lotèl la pou Seyè a. **8** Nan aswè, n'a boule dezyèm ti
mouton an menm jan nou te fè l' nan maten an. N'a fè
ofrann farin frans lan tou ansanm ak bwason an. Se va
yon manje n'a boule nèt pou Seyè a, yon ofrann k'ap fè
Seyè a plezi ak bon sant li. **9** Pou jou repo a, n'a ofri de ti
belye mouton ki gen ennan, ki san okenn enfimite, kat ti
mamit farin frans melanje ak lwil oliv tankou ofrann grenn
jaden ak yon ofrann bwason. **10** Chak jou repo, se pou
nou fè ofrann sa yo an menm tan ak ofrann pou chak jou
yo ansanm ak ofrann bwason yo. **11** Nan konmansman
chak mwa, n'a fè yon ofrann boule pou Seyè a. Lè sa a,
n'a ofri de towo bèf, yon belye mouton ak sèt ti mouton ki
gen ennan. Epi fòk yo tout san okenn enfimite. **12** N'a fè
yon ofrann grenn manje tou ansanm ak chak bèt. Pou
chak towo bèf, n'a ofri vennkat ti mamit farin frans melanje
ak lwil oliv. Pou chak belye mouton, n'a ofri katòz ti mamit
farin frans tankou yon ofrann grenn manje. **13** Pou chak ti
mouton, n'a ofri sèt ti mamit farin frans. Se va yon ofrann
n'a boule nèt pou Seyè a, yon ofrann k'ap fè Seyè a plezi
ak bon sant li. **14** N'a fè ofrann bwason tou: kat boutèy ka
pou chak towo bèf, twa boutèy ka pou belye mouton an
ak de boutèy ka pou chak ti mouton. Se ofrann sa yo
n'a boule nèt pou Seyè a, nan konmansman chak mwa,
pandan tout lanne a. **15** Anplis ofrann pou chak jou yo,

w'a touye yon bouk pou mande padon pou peche, epi
w'a ofri tou ofrann bwason ki toujou mache ansanm avè
l' la. 16 Katòzyèm jou nan premye mwa a, n'a fete fèt
Delivrans lan pou Seyè a. 17 Kenzyèm jou menm mwa a
va yon gwo jou fèt. Pandan sèt jou, n'a manje pen ki fèt
san ledven. 18 Sou premye jou a, n'a reyini tout moun
pou vin adore Seyè a. Lè sa a, pesonn p'ap gen dwa fè
okenn gwo travay. 19 N'a fè ofrann bèt pou yo boule nèt
pou Seyè a: de jenn towo bèf, yon belye mouton ak sèt ti
mouton ki gen ennan. Fòk yo tout san okenn enfimite. 20
N'a fè ofrann grenn jaden sou fòm farin frans melanje
ak lwil oliv: venteyen ti mamit pou chak towo, katòz ti
mamit pou belye mouton an, 21 ak sèt ti mamit pou chak
ti mouton. 22 N'a ofri tou yon bouk pou yo touye pou
mande padon pou peche. Se konsa, n'a fè ofrann bèt pou
nou touye pou mande Bondye gras pou pèp la. 23 N'a fè
tout ofrann sa yo anplis ofrann bèt nou gen pou nou boule
chak maten san sote jou a. 24 Se va menm jan an tou
pou tout sèt jou yo. Chak jou n'a ofri manje pou yo boule
nèt pou Seyè a: se va tankou yon ofrann k'ap fè Seyè a
plezi ak bon sant li. N'a fè ofrann sa a anplis ofrann bèt
pou yo boule chak jou pou Seyè a ak ofrann bwason ki
mache avè l' la. 25 Sou setyèm jou a, n'a reyini tout pèp
la ankò pou n' fè sèvis pou Seyè a. Jou sa a, nou p'ap fè
okenn gwo travay non plis. 26 Konsa tou, premye jou fèt
premye rekòt la, lè n'ap pote ofrann grenn nou fèk rekòlte
yo bay Seyè a, n'a reyini tout moun pou yo vin fè sèvis
pou Bondye. Jou sa a, pesonn p'ap gen dwa fè okenn gwo
travay. 27 Men bèt n'a ofri pou yo boule nèt nan dife pou
Seyè a, ofrann ki va fè Seyè a plezi ak bon sant li: de jenn
towo, yon belye mouton ak sèt ti mouton ki gen ennan.
Fòk yo tout san okenn enfimite. 28 N'a fè ofrann grenn
jaden yo tou sou fòm farin frans melanje ak lwil oliv: ki vle
di venteyen ti mamit pou chak towo, katòz ti mamit pou
belye mouton an 29 ak sèt ti mamit pou chak ti mouton
yo. 30 N'a ofri tou yon bouk pou mande Bondye padon
pou peche. Se konsa n'a fè ofrann bèt pou yo touye pou
mande Bondye gras pou tout pèp la. 31 N'a ofri bèt sa yo
ansanm ak ofrann bwason ki mache avèk yo chak, anplis
ofrann bèt pou yo boule chak jou a ansanm ak ofrann
grenn jaden yo. Se pou tout bèt yo san okenn enfimite.

29 Premye jou setyèm mwa a, n'a sanble tout moun
pou yo vin fè sèvis pou adore Bondye. Jou sa a,
pesonn p'ap gen dwa fè okenn gwo travay. Se jou sa a
tou, y'a kònen twonpèt yo pou fè konnen jou a rive. 2 Men
bèt n'a ofri pou yo boule nèt nan dife pou Seyè a, men
ofrann ki va fè Seyè a plezi ak bon sant li: yon jenn towo
bèf, yon belye mouton ak sèt ti mouton ki gen ennan.
Fòk yo tout san okenn enfimite. 3 N'a fè ofrann grenn
jaden yo tou sou fòm farin frans melanje ak lwil oliv: ki
vle di venteyen ti mamit farin frans pou towo a, katòz ti
mamit pou belye mouton an, 4 ak sèt ti mamit pou chak
ti mouton yo. 5 N'a ofri tou yon bouk kabrit pou mande
padon pou peche. Se konsa n'a fè ofrann bèt pou touye
pou mande Bondye gras pou tout pèp la. 6 N'a fè ofrann
sa yo anplis ofrann bèt pou yo boule nan dife chak premye
jou nan mwa yo ansanm ak ofrann grenn jaden ki toujou
mache avèk yo a, mete sou ofrann bèt pou yo boule chak
jou a ansanm ak ofrann grenn jaden ak bwason ki toujou
mache avè l' la. Se ofrann manje sa yo n'a boule nèt pou
Seyè a. Se va ofrann k'ap fè Seyè a plezi ak bon sant
yo. 7 Dizyèm jou setyèm mwa a, n'a reyini tout moun
pou yo vin fè sèvis pou Bondye. Jou sa a, tout moun va
rete san manje. Pesonn p'ap gen dwa fè okenn travay. 8
N'a ofri bèt pou yo boule nèt nan dife pou Bondye. Se va
yon ofrann ki va fè Seyè a plezi ak bon sant li. Men bèt
n'a ofri: yon towo bèf, yon belye mouton, sèt ti mouton
ki gen ennan. Fòk yo tout san okenn enfimite. 9 N'a fè
ofrann grenn jaden ki pou mache ak chak bèt sou fòm
farin frans melanje ak lwil oliv: ki vle di venteyen ti mamit
farin pou towo bèf la, katòz ti mamit pou belye mouton an
10 ak sèt ti mamit pou chak ti mouton yo. 11 N'a ofri tou
yon bouk pou mande Bondye padon pou peche anplis
ofrann bèt pou touye pou gran jou padon an, mete sou
ofrann bèt pou yo boule chak jou a ansanm ak ofrann
grenn jaden yo ak ofrann bwason ki mache ak yo a. 12
Kenzyèm jou setyèm mwa a, n'a reyini tout moun pou
yo vin adore Bondye. Jou sa a, pesonn p'ap gen dwa fè
okenn gwo travay. N'a fè yon fèt pou Seyè a pandan sèt
jou. 13 Premye jou a, n'a ofri bèt pou yo boule nèt nan
dife pou Seyè a, ofrann ki va fè Seyè a plezi ak bon sant
li: Men bèt pou nou ofri: trèz towo bèf, de belye mouton,
katòz ti mouton ki gen ennan. Fòk yo tout san okenn
enfimite. 14 Men ofrann grenn jaden sou fòm farin frans
melanje ak lwil oliv ki pou mache ak bèt yo: venteyen ti
mamit farin frans pou chak towo, katòz ti mamit pou chak
belye, 15 ak sèt ti mamit pou chak ti mouton, ansanm ak
ofrann bwason ki pou mache ak yo chak. 16 N'a ofri tou
yon bouk kabrit pou mande Bondye padon pou peche. N'a
fè ofrann sa yo anplis ofrann pou nou boule nèt chak jou
a ansanm ak ofrann grenn jaden ak ofrann diven ki pou
mache avè l' yo. 17 Dezyèm jou fèt la, n'a ofri douz towo
bèf, de belye mouton ak katòz ti mouton ki gen ennan.
Fòk yo tout san okenn enfimite. 18 Ansanm ak chak bèt
n'a fè ofrann grenn jaden ak ofrann bwason ki pou mache
ak yo, dapre regleman an. 19 Epi, anplis ofrann bèt nou fè
pou yo boule nèt pou Seyè a chak jou ansanm ak ofrann
grenn jaden ak ofrann bwason ki mache ak yo a, n'a ofri
yon bouk kabrit pou yo touye pou mande Bondye padon
pou peche. 20 Twazyèm jou fèt la, n'a ofri onz towo bèf,
de belye mouton ak katòz ti mouton ki gen ennan. Fòk yo
tout san okenn enfimite. 21 Ansanm ak chak bèt n'a fè
ofrann grenn jaden ak ofrann bwason ki pou mache ak yo,
dapre regleman an. 22 Epi, anplis ofrann bèt nou fè chak
jou pou yo boule nèt pou Seyè a ansanm ak ofrann grenn
jaden ak ofrann bwason ki mache ak yo a, n'a ofri yon
bouk kabrit pou yo touye pou mande Bondye padon pou
peche. 23 Katriyèm jou fèt la, n'a ofri dis towo bèf, de
belye mouton ak katòz ti mouton ki gen ennan. Fòk yo
tout san okenn enfimite. 24 Ansanm ak chak bèt n'a fè

ofrann grenn jaden ak ofrann bwason ki pou mache ak
yo, dapre regleman an. 25 Epi, anplis ofrann bèt nou fè
chak jou pou yo boule nèt pou Seyè a ansanm ak ofrann
grenn jaden ak ofrann bwason ki mache ak yo a, n'a ofri
yon bouk kabrit pou yo touye pou mande Bondye padon
pou peche. 26 Senkyèm jou fèt la, n'a ofri nèf towo, de
belye mouton ak katòz ti mouton ki gen ennan. Fòk yo
tout san okenn enfimite. 27 Ansanm ak chak bèt n'a fè
ofrann grenn jaden ak ofrann bwason ki pou mache ak yo,
dapre regleman an. 28 Epi, anplis ofrann bèt nou fè chak
jou pou boule nèt pou Seyè a ansanm ak ofrann grenn
jaden ak ofrann bwason ki mache ak yo a, n'a ofri yon
bouk kabrit pou yo touye pou mande Bondye padon pou
peche. 29 Sizyèm jou fèt la, n'a ofri wit towo, de belye
mouton ak katòz ti mouton ki gen ennan. Fòk yo tout san
okenn enfimite. 30 Ansanm ak chak bèt n'a fè ofrann
grenn jaden ak ofrann bwason ki pou mache ak yo, dapre
regleman an. 31 Epi, anplis ofrann bèt nou fè chak jou
pou boule nèt pou Seyè a ansanm ak ofrann grenn jaden
ak ofrann bwason ki mache ak yo a, n'a ofri yon bouk
kabrit pou yo touye pou mande Bondye padon pou peche.
32 Setyèm jou fèt la, n'a ofri sèt towo, de belye mouton
ak katòz ti mouton ki gen ennan. Fòk yo tout san okenn
enfimite. 33 Ansanm ak chak bèt n'a fè ofrann grenn jaden
ak ofrann bwason ki pou mache ak yo, dapre regleman
an. 34 Epi, anplis ofrann bèt nou fè chak jou pou boule
nèt pou Seyè a ansanm ak ofrann grenn jaden ak ofrann
bwason ki mache ak yo a, n'a ofri yon bouk kabrit pou yo
touye pou mande Bondye padon pou peche. 35 Wityèm
jou fèt la, n'a sanble tout moun pou adore Bondye. Jou sa
a, pesonn p'ap fè okenn gwo travay. 36 N'a fè ofrann bèt
pou yo boule nèt nan dife, ofrann ki va fè Seyè a plezi ak
bon sant li. Men bèt pou nou ofri: yon towo bèf, yon belye
mouton ak sèt ti mouton ki gen ennan. Fòk yo tout san
okenn enfimite. 37 Ansanm ak chak bèt n'a ofri ofrann
grenn jaden ak ofrann bwason ki pou mache ak yo, dapre
regleman an, 38 Epi, anplis ofrann bèt nou fè chak jou
pou boule nèt pou Seyè a ansanm ak ofrann grenn jaden
ak ofrann bwason ki mache ak yo, n'a ofri yon bouk kabrit
pou yo touye pou mande Bondye padon pou peche yo.
39 Men tou sa nou va ofri bay Seyè a lè n'ap fè gwo fèt
nou dwe fè pou li yo, apa ofrann n'ap fè paske nou te
pran angajman pou nou te fè yo, ou ankò ofrann n'ap fè
paske nou rete konsa nou vle fè l', mete sou bèt n'ap ofri
pou boule nèt nan dife pou Bondye, sou ofrann grenn
jaden ak ofrann bwason yo, ak sou ofrann nou fè pou di
Bondye mèsi. 40 Se konsa Moyiz te di pèp Izrayèl la tou
sa Seyè a te ba li lòd di yo.

30 Moyiz pale ak chèf branch fanmi pèp Izrayèl yo. Li
di yo konsa: -Men lòd Seyè a bay. 2 Lè yon moun
fè yon ve l'ap bay Seyè a kichòy ou ankò lè yon moun
pwomèt li p'ap fè yon bagay, li pa fèt pou l' pa kenbe
pawòl. Se pou l' fè tou sa li te pwomèt l'ap fè a. 3 Si yon
jenn fi ki lakay papa l' toujou fè yon ve l'ap bay Seyè
a kichòy ou ankò li pwomèt pou l' pa fè yon bagay, 4
lè papa a vin konn sa, si li pa di l' anyen, jenn fi a gen
obligasyon pou l' kenbe ve li te pran an, osinon pwomès li
te fè a. 5 Men, si lè papa a vin konn sa, li fè opozisyon, ni
ve jenn fi a te pran yo ni pwomès li te fè yo pa kenbe
ankò: yo pa vo anyen. Seyè a p'ap gade sou sa, li p'ap fè
l' anyen, paske se pa fòt li. Se papa l' ki derefize kite l'
kenbe pawòl li. 6 Si yon jenn fi te anba obligasyon pou l'
te kenbe yon ve li te pran osinon yon pwomès li te fè,
menm si li te pran yo an jwèt, si li rive marye, 7 epi mari a
pa di l' anyen lè li vin konn sa, fi a gen obligasyon pou l'
kenbe ve li te pran an osinon pwomès li te fè a. 8 Men, si
jou mari a vin konn sa li fè opozisyon, lamenm li wete
fanm lan anba obligasyon li te genyen pou l' te kenbe
ve li te pran an osinon pwomès li te fè a. Seyè a p'ap
gade sou sa, li p'ap fè l' anyen. 9 Men lè yon fanm ki
vèv osinon ki divòse fè yon ve pou l' bay Seyè a kichòy,
osinon li pwomèt pou l' pa fè yon bagay, se pou l' kenbe
pawòl li. 10 Si yon madanm marye, antan li lakay mari l',
pran yon ve pou fè kichòy osinon pwomèt pou l' pa fè yon
bagay, 11 epi si lè mari l' vin konn sa, li pa di l' anyen, li
pa fè okenn opozisyon, fanm lan gen obligasyon pou l'
kenbe ve li te pran an osinon pwomès li te fè a, nenpòt
kisa yo te ye. 12 Men, si mari a vin konn sa, epi menm
jou li vin konn sa a, li di li pa dakò, fanm lan p'ap nan
obligasyon pou l' kenbe pawòl ni pou ve li te pran an,
ni pou pwomès li te fè a. Se mari a ki te derefize kite l'
kenbe pawòl li. Konsa, Seyè a p'ap gade sou sa, li p'ap fè
l' anyen. 13 Yon mari gen dwa dakò, konsa tou li gen
dwa refize dakò kite madanm li kenbe pawòl li, ni pou ve
madanm li te pran an, ni pou pwomès li te fè a. 14 Men,
si apre mari a vin konn sa li kite yon jou pase, li pa di l'
anyen ankò, sa vle di li dakò ak ve madanm li te pran an
osinon ak pwomès madanm lan te fè a. Depi mari a pa di
l' anyen lè li vin konn sa, sa vle di se dakò li dakò. 15 Men
si, apre mari a vin konn angajman madanm lan te pran
an, mari a kite kèk jou pase anvan li di li pa dakò, se li
menm k'ap sibi chatiman ki pou ta tonbe sou madanm lan
pou pawòl li pa kenbe a. 16 Men tout regleman Seyè a
te bay Moyiz pou yon fanm ki fè ve osinon ki pran yon
angajman. Si li marye, men tout jan mari a ka boule avè l'
nan ka sa a. Si li poko marye, li lakay papa l' toujou, men
tout jan papa a ka pran sa.

31 Seyè a pale ak Mwiz, li di l' konsa: 2 -Ou pral pini
moun Madyan yo pou sa yo fè moun pèp Izrayèl
yo pase. Apre sa, ou pral mouri pou ou al jwenn moun
pa ou yo ki mouri deja. 3 Se konsa, Moyiz pale ak pèp
la, li di yo konsa: -Pare kèk gason nan mitan nou pou y'
al goumen, pou yo mache pran moun Madyan yo, fè yo
peye sa yo fè Seyè a. 4 N'a pran mil gason nan chak
branch fanmi pèp Izrayèl la pou n' voye al goumen. 5 Se
konsa nan tout kantite gason ki nan pèp Izrayèl la, yo
pran mil gason nan chak branch fanmi. Sa te bay douzmil
(12.000) gason antou ki te pare pou al goumen. 6 Moyiz
voye douzmil gason sa yo al fè lagè. Li voye ak yo Fineas,
pitit gason Eleaza, prèt la, ki t'ap pote veso Bondye yo

ak twonpèt pou bay siyal yo. 7 Yo atake moun Madyan
yo jan Seyè a te bay Moyiz lòd la, yo touye tout gason
yo. 8 Yo touye senk wa moun Madyan yo: Evi, Rekèm,
Zou, Our ak Reba. Yo touye Balaram, pitit Beyò a, tou. 9
Moun Izrayèl yo fè tout fanm ak tout timoun Madyan yo
prizonye. Yo pase men yo pran tout bèf yo, tout mouton
yo, tout kabrit yo ak tout lòt byen yo. 10 Yo boule tout kay
nan lavil yo ak tout kan kote moun yo te rete. 11 Apre sa,
yo pran tou sa yo te ranmase, tout bèt ak tout moun yo te
fè prizonye yo, 12 yo mennen yo bay Moyiz ansanm ak
Eleaza, prèt la, ak tout moun pèp Izrayèl yo ki te nan kan
an, nan plenn Moab yo, lòt bò larivyè Jouden, anfas lavil
Jeriko. 13 Moyiz, Eleaza, prèt la ak tout chèf pèp Izrayèl
yo soti nan kan an al kontre lame a. 14 Moyiz move sou
chèf reskonsab lame yo, sou chèf divizyon mil yo ak chèf
konpayi san yo ki t'ap tounen soti nan lagè a. 15 Li di yo
konsa: -Poukisa nou pa touye tout medam sa yo? 16 Se
yo menm ki te swiv konsèy Balaram yo, se yo ki te lakòz
moun pèp Izrayèl yo te vire do bay Bondye nan zafè Baal-
Peyò a, kifè gwo malè nou konnen an te tonbe sou pèp
Izrayèl la. 17 Se pou nou touye tout pitit gason yo. Se
pou nou touye tout fanm ki kouche ak gason deja. 18
Men, n'a sove lavi tout jenn fi ki poko janm kouche ak
gason. N'a pran yo pou nou. 19 Men, nou menm ki touye
moun osinon ki manyen kadav moun mouri, nou pral rete
sèt jou andeyò limit kan an. Sou twazyèm jou a ak sou
setyèm jou a n'a fè sèvis pou mete nou nan kondisyon,
nou menm ak tout prizonye nou yo, pou nou ka fè sèvis
Bondye. 20 N'a fè sèvis pou mete tout rad ak tout bagay
ki fèt ak po bèt, bagay ki fèt ak pwal kabrit, bagay ki fèt
an bwa, nan kondisyon pou moun k'ap sèvi Bondye ka
sèvi ak yo. 21 Eleaza, prèt la, pale ak mesye ki te tounen
soti nan lagè yo. Li di yo konsa: -Men yon regleman nou
jwenn nan lòd Seyè a te bay Moyiz. 22 Tout moso lò, tout
moso ajan, tout bout fè, tout moso kwiv, tout moso plon,
23 tou sa ki pa ka boule nan dife, n'a pase yo nan dife pou
yo ka nan kondisyon sèvi pou moun k'ap sèvi Bondye.
Men tou sa ki ka boule nan dife, se nan dlo yo mete apa
pou sa a n'a pase yo pou yo ka nan kondisyon sèvi pou
moun k'ap sèvi Bondye. 24 Sou setyèm jou a, n'a lave rad
ki sou nou yo. Konsa n'a nan kondisyon pou nou fè sèvis
Bondye. Se lè sa a n'a ka antre nan kan an. 25 Seyè
a pale ak Moyiz, li di l' konsa: 26 -Ou menm, Moyiz ak
Eleaza, prèt la, ansanm ak tout lòt chèf pèp Izrayèl yo, n'a
konte tou sa lame a te ranmase nan lagè a, san bliye
bèt yo ak prizonye yo. 27 Apre sa, n'a separe tout bagay
mwatye pou mwatye, mwatye pou moun ki te al goumen
yo, mwatye pou rès moun pèp Izrayèl yo. 28 Nan mwatye
ki pou moun ki te al goumen yo, n'a wete yon pòsyon
ki va tankou yon taks y'a peye pou Seyè a: sou chak
senksan (500) moun, sou chak senksan bèt menm kalite,
bèf, bourik, mouton, kabrit, w'a wete yonn pou Seyè a. 29
Sa w'a wete nan mwatye ki pou moun ki te al goumen
yo, w'a bay Eleaza, prèt la, tankou yon bagay yo pran
pou Seyè a. 30 Sou lòt mwatye ki rete pou rès moun pèp
Izrayèl la, w'a pran yonn sou chak senkant moun, sou
chak senkant bèt menm kalite, bèf, bourik, mouton, kabrit.
Epi w'a bay moun Levi yo ki reskonsab Tant Randevou
Seyè a. 31 Moyiz ak Eleaza, prèt la, te fè tout bagay jan
Seyè a te bay Moyiz lòd fè a. 32 San konte sa sòlda yo te
pran pou yo menm, men sa yo te pran nan men lènmi yo
epi yo te pote bay Moyiz: sisanswasannkenzmil (675.000)
mouton ak kabrit, 33 swasanndouzmil (72.000) bèf, 34
swasanteyenmil (61.000) bourik, 35 tranndemil (32.000)
jenn fi ki poko janm kouche ak gason. 36 Yo pran mwatye
ladan yo bay sòlda ki te al goumen yo. Epi yo wete sa ki
pou Seyè a ladan l'. Sa te fè twasantrannsètmil senksan
(337.500) mouton ak kabrit, 37 ak sisanswasannkenz
(675) ladan yo pou Seyè a, 38 trannsimil (36.000) bèf ak
swasanndouz ladan yo pou Seyè a, 39 trantmil senksan
(30.500) bourik ak swasanteyen ladan yo pou Seyè a,
40 sèzmil (16.000) jenn fi ak trannde ladan yo pou Seyè
a. 41 Se konsa, Moyiz renmèt bay Eleaza, prèt la, tou
sa yo te wete pou Seyè a, jan Seyè a te bay Moyiz lòd
la. 42 Lòt mwatye a te pou rès pèp Izrayèl la. Lè Moyiz
fin wete sa ki te pou sòlda yo, 43 men sa ki te rete:
twasantrannsètmil senksan (337.500) mouton ak kabrit,
44 trannsimil (36.000) bèf, 45 trantmil senksan (30.500)
bourik ak 46 sèzmil (16.000) jenn fi. 47 Sou mwatye ki
te pou rès moun pèp Izrayèl la, Moyiz pran yon moun
sou chak senkant moun ak yon bèt sou chak senkant
bèt menm kalite, li bay moun Levi yo ki te reskonsab
tant Seyè a, jan Seyè a te bay Moyiz lòd la. 48 Lè sa a,
tout moun ki te chèf lame a, chèf divizyon mil yo ak chèf
konpayi san yo, yo tout vin jwenn Moyiz. 49 Epi yo di l': -
Nou konte kantite sòlda ki te sou kont nou yo, nou jwenn
yo tout la. 50 Se poutèt sa, n'ap pote tout bijou lò nou te
jwenn epi nou te pran: braslè, chennèt, bag, zanno, chenn
ak meday, n'ap ofri yo bay Seyè a pou li ka fè nou gras.
51 Moyiz ak Eleaza, prèt la, resevwa tout bijou lò yo te
pote yo. 52 Sa te fè katsan (400) liv konsa chèf divizyon
mil yo ak chèf konpayi san yo te pote bay Moyiz ak Eleaza
ki te resevwa yo pou Seyè a. 53 Men, sòlda yo menm te
kenbe sa yo te pran pou tèt pa yo. 54 Se konsa Moyiz ak
Eleaza, prèt la, pran lò chèf divizyon mil ak chèf konpayi
san yo te pote ba yo a, yo pote l' nan Tant Randevou a,
pou Seyè a te ka toujou chonje pwoteje pèp Izrayèl la.

32 Moun branch fanmi Woubenn ak moun branch
fanmi Gad yo te gen anpil anpil bèt. Lè yo wè jan
peyi Jazè a ak peyi Galarad la te bon pou fè gadinaj, 2
yo vin jwenn Moyiz, Eleaza, prèt la, ak chèf fanmi pèp
Izrayèl yo, yo di yo konsa: 3 -Tout rejyon kote nou jwenn
lavil sa yo: Atawo, Dibon, Jazè, Nimra, Esbon, Eleyale,
Sèbam, Nebo ak Biyon, 4 tout peyi Seyè a te ede moun
pèp Izrayèl yo pran pou yo bò isit la, se tè ki bon pou fè
gadinaj, lèfini nou menm nou gen anpil bèt. 5 Tanpri, si ou
vle fè nou favè sa a, ban nou peyi sa a pou pòsyon pa
nou. Pa fòse nou janbe lòt bò larivyè Jouden an. 6 Moyiz
reponn yo: -Nou ta renmen rete isit la pandan lòt frè nou
yo pral nan goumen? 7 Poukisa nou vle dekouraje moun

pèp Izrayèl yo pou yo pa ale nan peyi Seyè a ba yo a? **8** Se menm bagay la zansèt nou yo te fè wi lè mwen te voye yo ale vizite peyi a antan nou te Kadès Banea. **9** Yo moute jouk nan ravin Echkòl la, yo vizite tout peyi a. Apre sa, yo dekouraje moun pèp Izrayèl yo pou yo pa antre nan peyi Seyè a te ba yo a. **10** Jou sa a, Seyè a te move anpil sou yo. Li sèmante, li di konsa: **11** Okenn nan gason ki te gen ventan osinon ki te pi gran lè yo te soti kite peyi Lejip p'ap mete pwent pye yo nan peyi mwen te pwomèt sou sèman m'ap bay Abraram, Izarak ak Jakòb la, paske yo pa t' kenbe pawòl yo ak mwen, **12** an wetan Kalèb, pitit gason Jefoune, moun fanmi Kenaz yo, ak Jozye, pitit gason Noun lan. Se yo menm sèlman ki te toujou swiv Seyè a san mank. **13** Se konsa, Seyè a fè yon sèl move sou pèp Izrayèl la, li fè yo moute desann nan dezè a pandan karantan, jouk dènye moun ki te fè sa ki mal devan Seyè a mouri. **14** Epi koulye a, nou vle fè tankou papa nou yo? Ou byen wè se pitit yo nou ye vre! Nou pral fè Seyè a pi move ankò sou pèp Izrayèl la. **15** Si nou vire do nou ba li, l'a fè pèp la rete pi lontan ankò nan dezè a. Se nou menm ki va lakòz pèp la fini nèt. **16** Yo pwoche bò Moyiz, yo di l' konsa: -Pou konmanse, nou ta renmen moute kloti ak wòch pou fèmen pak bèt nou yo, epi nou ta renmen bati lavil ak ranpa pou pitit nou yo. **17** Men, nou menm gason yo, nou tou pare pou n' ale goumen ansanm ak rès moun pèp Izrayèl yo, pou nou pran devan lè n'ap atake lènmi jouk yo rive nan peyi ki pou yo a. Pandan tan sa a, moun pa nou yo menm va rete isit la nan lavil ak ranpa yo kote moun peyi a p'ap ka fè yo anyen. **18** Nou p'ap tounen lakay nou toutotan tout lòt moun nan pèp Izrayèl la poko jwenn pòsyon tè ki pou yo a. **19** Nou p'ap pran anyen nan tè ki pou yo lòt bò larivyè Jouden an, paske yo ban nou tè ki bò isit larivyè Jouden an, sou kote solèy leve a, pou pòsyon pa nou. **20** Moyiz di yo konsa: -Si nou fè tou sa nou sot di la a, si vreman vre nou pare pou n' al goumen devan Seyè a, **21** si tout gason ki ka goumen pami nou yo janbe lòt bò larivyè Jouden an devan Seyè a, jouk Seyè a va fin kraze tout lènmi l' yo devan li, **22** enben, apre tout peyi a va tonbe anba men Seyè a, n'a tounen vin lakay nou, paske n'a fin fè tou sa nou te dwe fè pou Seyè a ak pou pèp Izrayèl la. Lè sa a, tout peyi ki bò isit la va rele nou pa nou devan Seyè a. **23** Men, si nou pa fè tou sa, konnen se kont Seyè a menm n'a peche. N'a peye konsekans peche nou an. **24** Nou mèt bati lavil ak ranpa pou moun pa nou yo. Nou mèt moute lantouraj pou mete bèt nou yo nan pak. Men, se pou nou fè sa nou pwomèt n'ap fè a. **25** Moun fanmi Woubenn yo ak moun fanmi Gad yo di konsa: -Mèt, n'ap fè tou sa ou mande nou fè. **26** Pitit nou yo va rete nan lavil ki nan peyi Galarad yo ansanm ak madanm nou yo ak tout bèf, tout mouton ak tout kabrit nou yo, **27** Men, nou menm gason ki pare pou n' al goumen yo, n'ap pase devan Seyè a pou n' al fè lagè jan ou di l' la. **28** Lè sa a, Moyiz bay Eleaza, prèt la, Jozye, pitit gason Noun lan, ak tout chèf fanmi pèp Izrayèl la lòd sa a sou moun sa yo. **29** Li di yo: -Si gason nan branch fanmi Woubenn ak nan branch fanmi Gad yo janbe lòt bò larivyè Jouden an avèk nou tou pare pou y' al goumen devan Seyè a, lè tout peyi a va anba men nou, n'a ba yo tè peyi Galarad la pou yo. **30** Men, si yo pa janbe lòt bò larivyè Jouden an pou y' al goumen avèk nou, y'a resevwa pòsyon tè pa yo nan peyi Kanaran an ansanm ak nou. **31** Mesye branch fanmi Woubenn ak branch fanmi Gad yo reponn Moyiz, yo di l' konsa: -N'a fè tou sa Seyè a mande nou fè. Se sèvitè li nou ye. **32** N'a janbe lòt bò larivyè a tou pare pou n' al goumen devan Seyè a, n'a antre nan peyi Kanaran an. Men toutjan, nou mande pou yo ban nou pòsyon tè ki bò isit larivyè Jouden an pou nou. **33** Se konsa Moyiz pran tout peyi Amori ki te pou wa Siyon, ak peyi Bazan ki te pou wa Og, avèk tout lavil ki nan limit fwontyè peyi yo, li bay moun fanmi Gad yo, moun fanmi Woubenn yo ak mwatye moun ki nan fanmi Manase, pitit gason Jozèf la. **34** Moun fanmi Gad yo rebati tout lavil sa yo: Dibon, Atawòt, Awoyè, **35** Atawo, Sofam, Jaze ak Jobeya, **36** Bèt-Nimra, Bèt aran. Yo rebati yo avèk ranpa pou pwoteje yo, yo fè pak tou pou mouton ak kabrit. **37** Moun fanmi Woubenn yo menm rebati lavil sa yo: Esbon, Elealè, Kiryatayim, **38** Nebo, Baal Meyon ak Sibma. Yo te chanje non lavil Nebo ak Baal Meyon. Yo bay tout lavil yo rebati yo lòt non. **39** Moun fanmi Maki, pitit gason Manase a, pati pou peyi Galarad kote moun Amori yo te rete a. Yo anvayi tout peyi a, yo mete moun Amori yo deyò. **40** Se konsa tou, Moyiz bay moun fanmi Maki, pitit gason Manase a, peyi Galarad la pou yo rete. **41** Moun fanmi Jayi, pitit gason Manase a, al atake yon seri ti bouk. Yo anvayi yo epi yo rele yo Bouk Jayi. **42** Noba menm al atake lavil Kenat ak lòt ti bouk ki sou lòd li yo. l' anvayi l', epi li ba li non l'. Li rele l' Noba.

33 Men non tout kote moun Izrayèl yo te pase depi apre yo tout te soti kite peyi Lejip tankou yon lame, avèk Moyiz ak Arawon alatèt yo. **2** Dapre lòd Seyè a te bay Moyiz, chak kote yo te rive, li te make non kote a anvan yo reprann vwayaj yo. **3** Moun pèp Izrayèl yo te kite lavil Ranmsès jou ki te kenzyèm jou nan premye mwa a, yon jou apre premye Fèt Delivrans lan. Yo soti kite peyi a devan je tout moun peyi Lejip yo san pesonn pa di yo anyen. **4** Lè sa a, moun peyi Lejip yo t'ap antere premye pitit gason yo. Se Seyè a menm ki te touye yo. Se konsa li te fè wè li gen plis pouvwa pase bondye moun peyi Lejip yo **5** Moun pep Izrayèl yo kite lavil Ranmsès, yo rive yon kote ki rele Soukòt. Se la yo moute kan yo. **6** Apre sa, yo kite Soukòt, y' al moute kan yo Etam ki sou limit dezè a. **7** Yo kite Elam, yo tounen sou Pi ayiwòt, ki anfas Baal-Sefon, bò solèy leve, epi yo moute kan yo devan Migdòl. **8** Yo kite Pi ayiwòt, yo travèse Lanmè Wouj la, yo rive nan dezè a. Yo pase twa jou ap mache nan dezè Etam lan, yo rive Mara kote yo moute kan yo. **9** Yo kite Mara, yo rive Elim kote ki te gen douz sous dlo ak swasanndis pye palmis. Yo moute kan yo la. **10** Yo kite Elim, y' al moute kan yo toupre Lanmè Wouj la. **11** Yo kite Lanmè Wouj, y' al moute kan yo nan dezè Zin lan. **12** Yo kite

dezè Zin lan, y' al moute kan yo Dofka. **13** Yo kite Dofka,
y' al moute kan yo Alouch. **14** Yo kite Alouch, y' al moute
kan yo Refidim kote pèp la pa t' jwenn dlo pou yo bwè a.
15 Yo kite Refidim, y' al moute kan yo nan dezè Sinayi
a. **16** Yo kite dezè Sinayi a, y' al moute kan yo Simityè
Grangou. **17** Yo kite Simityè Grangou, y' al moute kan yo
Azewòt. **18** Yo kite Azewòt, y' al moute kan yo Ritma.
19 Yo kite Ritma, y' al moute kan yo Rimonn Perèz. **20**
Yo kite Rimonn Perèz, y' al moute kan yo Libna. **21** Yo
kite Libna, y' al moute kan yo Risa. **22** Yo kite Risa, y' al
moute kan yo Keyelata. **23** Yo kite Keyelata, y' al moute
kan yo sou mòn Chefè a. **24** Yo kite mòn Chefè a, y' al
moute kan yo Arada. **25** Yo kite Arada, y' al moute kan yo
Makelòt. **26** Yo kite Makelòt, y' al moute kan yo Tayat. **27**
Yo kite Tayat, y' al moute kan yo Tara. **28** Yo kite Tara, y' al
moute kan yo Mitka. **29** Yo kite Mitka, y' al moute kan yo
Asmona. **30** Yo kite Asmona, y' al moute kan yo Mosewòt.
31 Yo kite Mosewòt, y' al moute kan yo Benè-Jakan. **32** Yo
kite Benè-Jakan, y' al moute kan yo Ogidgad. **33** Yo kite
Ogidgad, y' al moute kan yo Jotbata. **34** Yo kite Jotbata, y'
al moute kan yo Abwona. **35** Yo kite Abwona, y' al moute
kan yo Ezyongebè. **36** Yo kite Ezyongebè, y' al moute kan
yo nan dezè Zin lan, ki vle di Kadès. **37** Yo kite Kadès, y'
al moute kan yo sou mòn Or, toupre fwontyè peyi Edon
an. **38** Dapre lòd Seyè a te bay la, Arawon, prèt la, moute
sou tèt mòn lan. Se la li mouri. Lè sa a, moun pèp Izrayèl
yo te gen trantnevan kat mwa yon jou depi yo te soti kite
peyi Lejip. **39** Lè Arawon mouri sou mòn Or la, li te gen
sanvenntwazan sou tèt li. **40** Wa Arad, yon moun Kanaran
ki te rete nan pati sid peyi Kanaran yo rele Negèv la, vin
konnen moun Izrayèl yo t'ap rive. **41** Se konsa, moun
Izrayèl yo kite Mòn Or la, y' al moute kan yo Zalmona. **42**
Yo kite Zalmona, y' al moute kan yo Pounon. **43** Yo kite
Pounon, y' al moute kan yo Oròt. **44** Yo kite Oròt, y' al
moute kan yo Ije abrarim nan peyi Moab la. **45** Yo kite
Ije abrarim nan peyi Moab la, y' al moute kan yo Dibon
Gad. **46** Yo kite Dibon Gad, y' al moute kan yo Almon-
Diblatayim. **47** Yo kite Almon-Diblatayim, y' al moute kan
yo sou mòn Abarim yo, anfas Mòn Nebò, bò solèy leve.
48 Yo kite mòn Abarim yo, y' al moute kan yo nan plenn
Moab yo, lòt bò larivyè Jouden, anfas lavil Jeriko. **49** Yo
te moute kan yo nan tout plenn Moab yo, toupre larivyè
Jouden an, depi Bèt ayechimòt jouk Abèl-Chitim. **50** Antan
yo la nan plenn Moab yo, toupre larivyè Jouden, anfas
lavil Jeriko, Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **51** -Men
sa pou ou di moun pèp Izrayèl yo pou mwen. Lè n'a janbe
lòt bò larivyè Jouden pou nou antre nan peyi Kanaran an,
52 se pou nou mete tout moun ki rete nan peyi a deyò.
N'a kraze tout estati zidòl yo fè nan moul, osinon ki fèt ak
wòch, n'a demoli mete atè dènye kay kote moun yo fè
sèvis pou bondye yo. **53** N'a pran peyi a pou nou, n'a rete
ladan l' paske se mwen menm ki ban nou li pou bitasyon
nou. **54** N'a tire osò pou nou ka separe l' bay chak branch
fanmi pa yo. N'a bay branch fanmi ki anpil la yon gwo
pòsyon. N'a bay branch fanmi ki pa anpil la yon ti pòsyon.
Chak branch fanmi va resevwa pòsyon ki va vin pou l' a.
Se konsa n'a separe tè a bay chak branch fanmi zansèt
nou yo pa yo. **55** Men, si nou pa mete moun ki rete nan
peyi a deyò, sa ki va rete yo pral ban nou gwo pwoblèm.
Y'ap tankou yon pay ki tonbe nan je nou, osinon tankou
pikan k'ap pike nou nan tout kò nou. Yo pral tounen yon
tizon pou nou lè n'a fin tabli nan peyi a. **56** Lè sa a, sa m'
te fè lide fè yo a, se nou m'ap fè l'.

34 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **2** -Men lòd w'a
bay moun Izrayèl yo pou mwen. Lè n'a antre nan
peyi Kanaran mwen pral ban nou an, men fwontyè ki
pral limite peyi a. **3** Sou bò sid la, n'a gen dezè Zin ki
toupre Edon an pou limit. Fwontyè a va konmanse bò
solèy leve nan pwent sid Lanmè Sale a. **4** L'a chankre
desann nan direksyon sid bò pas Eskòpyon yo, l'a travèse
dezè Zin lan, jouk li rive anba nèt bò Kadès-Banea. L'a
pran direksyon nò, l'a moute bò Aza ada, l'a rive Achmon,
5 l'a chankre bò ravin ki sèvi fwontyè ak peyi Lejip la, epi
l'a bout nan Lanmè Mediterane. **6** Sou bò solèy kouche,
teritwa a nou an va rive jouk sou rivaj gwo lanmè a. Se
Lanmè Mediterane a ki va sèvi nou fwontyè. **7** Sou bò nò
a, fwontyè a va swiv yon liy dwat ki soti depi gwo lanmè a
rive sou mòn Or la. **8** Antan nou la, n'a trase yon liy dwat
ankò jouk nou rive nan Pas Amat la, ale pi lwen toujou
jouk nou rive Zedad. **9** N'a pouse pi lwen toujou nan
direksyon Zifwon jouk nou rive Aza-Enan. Men fwontyè
nou sou bò nò a. **10** Fwontyè sou bò solèy leve a va soti
Aza-Enan pou rive Chefam. **11** L'a desann soti Chefam
nan direksyon Ribla, sou kote Ayen bò solèy leve. L'a
desann pi ba toujou jouk l'a rive sou rivaj lanmè Galile a,
sou bò solèy leve. **12** Fwontyè a va swiv larivyè Jouden
an pou l' al bout sou lanmè Sale a. Men fwontyè k'ap
limite peyi nou an sou kat bò. **13** Moyiz bay moun Izrayèl
yo lòd sa yo: -Men peyi nou pral separe yonn ak lòt la.
Nou pral tire osò pou fè sa. Men peyi Seyè a bay pou nèf
branch fanmi ak mwatye yon branch fanmi nan pèp Izrayèl
la. **14** Branch fanmi Woubenn lan ak branch fanmi Gad
la ansanm ak mwatye nan branch fanmi Manase a deja
resevwa tè pa yo, chak fanmi apa. **15** Yo resevwa pòsyon
tè pa yo ki anfas lavil Jeriko, lòt bò larivyè Jouden, sou bò
solèy leve. **16** Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **17** -
Men non moun ki pral fè pataj tè a pou nou: se va Eleaza,
prèt la, Jozye, pitit gason Noun lan, **18** avèk douz chèf n'a
chwazi pou fè pataj la, yonn nan chak branch fanmi. **19**
Men non chèf yo. Pou branch fanmi Jida a, se va Kalèb,
pitit gason Jefoune a. **20** Pou branch fanmi Simeyon an,
se va Chemwèl, pitit gason Amiyoud la. **21** Pou branch
fanmi Benjamen an, se va Elidad, pitit gason Kislòn lan.
22 Pou branch fanmi Dann lan, se va chèf Bouki, pitit
gason Jogli a. **23** Pou branch fanmi Jozèf la, va gen chèf
Aniyèl, pitit gason Efòd la, pou fanmi Manase a, **24** ak
chèf Kemwèl, pitit gason Chiftan an, pou fanmi Efrayim
lan. **25** Pou branch fanmi Zabilon an, se va chèf Elichafan,
pitit gason Panak la. **26** Pou branch fanmi Isaka a, se va
chèf Paltiyèl, pitit gason Azan an. **27** Pou branch fanmi

Asè a, se va chèf Akiyoul, pitit gason Chelomi a. **28** Pou branch fanmi Neftali a, se va chèf Pedayèl, pitit gason Amiyoud la. **29** Men moun Seyè a te mete reskonsab pou fè pataj tè a pou bay chak moun nan pèp Izrayèl la pòsyon pa yo nan peyi Kanaran.

35 Antan yo nan plenn Moab yo, lòt bò larivyè Jouden, sou bò solèy leve anfas lavil Jeriko, Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **2** -W'a bay moun pèp Izrayèl yo lòd pou yo pran nan pòsyon tè yo resevwa a kèk lavil pou yo bay moun Levi yo pou yo rete, ansanm ak savann ki toutotou lavil sa yo pou yo ka fè gadinaj. **3** Se nan lavil sa yo moun Levi yo va rete. Savann sa yo va rete pou yo, y'a sèvi pou zannimo yo ak pou tout lòt bèt y'a genyen. **4** Savann yo va toutotou lavil yo. Y'a mezire mil senksan (1.500) pye depi ranpa lavil la nan chak direksyon. **5** Konsa, savann yo va fè yon gwo teren kare kare ki va mezire twamil (3.000) pye sou chak bò: twamil pye sou bò lès, twamil pye sou bò lwès, twamil pye sou bò nò, twamil pye sou bò sid ak lavil la nan mitan l'. Y'a sèvi kote pou bèt moun Levi ki rete nan lavil la jwenn manje. **6** Nan lavil n'a bay moun Levi yo, gen sis ladan yo ki va sèvi pou bay moun ki touye moun pwoteksyon. Apa sis lavil sa yo, n'a bay moun Levi yo karannde lòt lavil ankò. **7** Antou, se pou nou bay moun Levi yo karantwit lavil ak tout savann pou bèt yo. **8** Lè n'ap wete nan pòsyon ki pou pèp Izrayèl la lavil pou moun Levi yo, chak fanmi va bay dapre pòsyon tè li te resevwa. Sa ki gen pi gwo pòsyon an va bay plis. Sa ki gen ti pòsyon an va bay mwens. **9** Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: **10** -Pale ak moun pèp Izrayèl yo, di yo pou mwen. Lè n'a janbe lòt bò larivyè Jouden an pou nou antre nan peyi Kanaran an, **11** se pou nou chwazi kèk lavil kote yon moun ki touye yon lòt san li pa fè espre ka kouri chache pwoteksyon. **12** Se la y'a pwoteje l' anba fanmi mò a ki ta chache tire revanj mò a. Yo p'ap gen dwa touye l' toutotan yo pa jije l' devan tout moun. **13** Nan lavil n'a bay moun Levi yo, sis va sèvi pou bay moun konsa pwoteksyon, **14** twa lòt bò larivyè Jouden an sou bò solèy leve, twa bò isit nan peyi Kanaran an. **15** Sis lavil sa yo va sèvi ni pou moun peyi a ni pou moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou osinon ki depasaj. Se la tout moun ki touye yon lòt san fè espre va kouri chache pwoteksyon. **16** Si yon moun frape yon lòt ak yon bout fè epi li touye l', se ansasen li ye, se pou yo touye l' tou. **17** Si yon moun bay yon lòt yon kout wòch epi li touye l', se ansasen li ye, se pou yo touye l' tou. **18** Si yon moun bay yon lòt yon kout bwa epi li touye l', se ansasen li ye, se pou yo touye l' tou. **19** Moun ki fanmi pi pre moun yo touye a va reskonsab pou li touye ansasen an, nenpòt kilè li bare avè l'. **20** Si yon moun rayi yon lòt epi li ba li yon move bourad pou li touye l', osinon si li voye yon bagay dèyè l' pou touye l', **21** oswa ankò, paske li pa vle wè l' li bat li ak koutpwen pou l' touye l', epi li touye l' vre, li gen pou l' mouri tou. Se yon ansasen li ye. Moun ki fanmi pi pre moun li touye a va reskonsab pou touye l' tou, nenpòt lè li bare avè l'. **22** Men, sipoze yon moun bay yon lòt yon move bourad san li pa fè espre, san li pa rayi l', osinon li voye yon bagay konsa konsa, epi l' al pran yon moun move kote san li pa t'ap voye l' dèyè l', **23** oswa ankò, sipoze li voye yon wòch epi li pa wè sa, wòch la al tonbe sou yon moun, li touye l' frèt, san li pa t' rayi moun lan ni li pa t'ap chache fè moun lan mal, **24** nan ka sa yo, men regleman pou moun pèp Izrayèl yo swiv pou yo regle bagay la ant moun ki te touye lòt la ak fanmi pi pre moun mouri a ki reskonsab pou tire revanj la. **25** Pèp la va sove moun ki te touye lòt la anba men fanmi pi pre moun li touye a, l'a fè l' tounen nan lavil kote li te al kache kò l' la. Moun ki te touye lòt la va rete la jouk granprèt ki la lè sa a pou fè sèvis Bondye a va mouri. **26** Si moun ki touye lòt la ta rive soti andeyò limit lavil kote li kache a, **27** si moun ki fanmi pi pre moun li touye a bare avè l', epi li touye l', yo pa gen dwa fè fanmi pre a peye pou sa l' fè a. **28** Paske moun ki touye yon lòt san li pa fè espre a fèt pou rete nan lavil kote li te kache a jouk granprèt ki la lè sa a va mouri. Se apre lanmò granprèt la ase l'a ka tounen lakay li. **29** Regleman sa yo va sèvi tankou yon lwa pou nou pou tout tan, de pitit an pitit, kote nou pase. **30** Lè yon moun touye yon lòt, anvan yo touye l', se pou yo gen depozisyon divès temwen kont li. Depozisyon yon sèl temwen pa kont pou kondannen yon moun. **31** Nou pa gen dwa asepte lajan pou sove lavi yon moun yo kondannen pou mouri paske li touye yon lòt. Wè pa wè se pou nonm sa a mouri. **32** Ni nou pa gen dwa asepte lajan pou penmèt yon moun ki kite lavil kote l' te kache a pou l' al lakay li anvan granprèt ki la lè sa a mouri. **33** Piga nou janm fè bagay ki pou fè Bondye vire do bay peyi kote nou pral viv la. Lè yon moun touye yon lòt moun, se sa k'ap mete peyi a nan kondisyon li derespekte Bondye ak san ki koule a. Lè konsa, pa gen lòt mwayen pou fè Bondye padonnen peyi a pase se touye pou nou touye moun ki touye a. **34** Piga nou janm fè bagay ki pou fè Bondye vire do bay peyi kote nou rete a, paske mwen menm Seyè a, se nan mitan moun pèp Izrayèl yo, nan mitan peyi kote yo rete a, mwen rete tou.

36 Moun branch fanmi Galarad yo se desandan Maki yo ye. Maki sa a se te pitit Manase, yonn nan de pitit Jozèf yo. Chèf fanmi moun Galarad yo al jwenn Moyiz ak lòt chèf branch fanmi pèp Izrayèl la, **2** yo di yo konsa: -Seyè a te ba ou, Moyiz, lòd pou ou te separe peyi a bay chak branch fanmi Izrayèl la pa yo dapre sa ki va soti pou yo lè y'a tire osò. Apre sa, Seyè a ta ba ou lòd pou ou te pran pòsyon ki pou Zelochad, fanmi nou an, pou ou bay pitit fi li yo. **3** Men, si medam sa yo marye ak yon nonm ki fè pati yon lòt branch nan fanmi pèp Izrayèl la, pòsyon ki pou yo a pral soti sou tè zansèt pa nou yo. Konsa, pòsyon tè ki pou branch fanmi nonm yo marye a pral vin pi plis, epi pòsyon tè ki te vin pou nou an lè yo te tire osò a pral vin pi piti. **4** Lè lanne rejwisans lan va rive pou moun pèp Izrayèl yo, yo pral pran pòsyon tè ki te pou medam sa yo, yo pral wete l' nan pa branch fanmi zansèt nou yo, yo pral mete l' sou pa branch fanmi

mari yo. **5** Se konsa, dapre lòd Seyè a te ba li, Moyiz bay
moun pèp Izrayèl yo regleman sa a pou yo swiv. Li di
yo konsa: -Moun branch fanmi Jozèf yo gen rezon. **6**
Se poutèt sa, men lòd Seyè a bay: Pitit fi Zelochad yo
lib marye moun yo vle, depi se yon moun ki nan menm
branch fanmi ak yo. **7** Pòsyon tè yon branch fanmi pa gen
dwa pase pou yon lòt branch fanmi. Konsa, pòsyon tè yon
fanmi va toujou rete nan fanmi an. **8** Si yon fi vin eritye
yon pòsyon nan tè yonn nan branch fanmi pèp Izrayèl la,
se pou l' marye ak yon moun ki nan menm branch fanmi
avè l'. Konsa, chak moun va kenbe eritaj zansèt yo nan
fanmi an. **9** Tè yon branch fanmi p'ap ka pase pou yon
lòt branch fanmi. Konsa, pòsyon tè ki pou yon fanmi va
toujou rete nan fanmi an. **10** Se konsa, pitit fi Zelochad yo
fè jan Seyè a te bay Moyiz lòd la. **11** Mala, Tiza, Ogla,
Milka ak Noa marye ak pitit gason tonton yo bò papa. **12**
Yo marye nan branch fanmi Manase, pitit Jozèf la. Konsa,
pòsyon tè papa yo a rete nan menm branch fanmi an. **13**
Men tout lòd ak regleman Seyè a te bay Moyiz pou moun
pèp Izrayèl yo, lè yo te nan plenn Moab yo, lòt bò larivyè
Jouden, anfas lavil Jeriko.

Deteronòm

1 Men pawòl Moyiz te di tout pèp Izrayèl la lè yo te lòt
bò larivyè Jouden an, nan dezè a, nan plenn Araba ki
anfas Souf: Yo te gen dezè Paran an sou yon bò ak lavil
Tofèl, Liban, Azewòt ak Dizaab sou lòt bò a. 2 Pou mache
soti mòn Sinayi rive Kadès-Banea, lè ou swiv wout ki pase
nan mòn Seyi a, sa pran onz jou. 3 Se premye jou nan
onzyèm mwa karantyèm lanne depi yo te soti kite peyi
Lejip la Moyiz te fè pale sa a ak pèp Izrayèl la, jan Seyè a
te mande l' la. 4 Lè sa a, Seyè a te fin bat Siyon, wa peyi
Amori a, ki te rete Esbon, ak Og, wa peyi Bazan an, ki te
rete Astawòt nan zòn Edreyi. 5 Se antan pèp la te lòt bò
larivyè Jouden, nan peyi Moab la, Moyiz tanmen esplike
yo tou sa Seyè a te di. Li di yo konsa: 6 -Lè nou te sou
mòn Orèb la, nou chonje Seyè a, Bondye nou an, te pale
ak nou. Li te di nou: Koulye a, nou rete kont nou sou mòn
sa a. 7 Ranmase tout zafè nou pati. Ale nan mòn peyi
Amori yo ak nan tout lòt peyi ki toupre l' yo, nan plenn
Araba a, nan mòn yo, nan fon yo, nan Negèv la bò sid ak
bò gwo lanmè Mediterane a. Ale nan peyi Kanaran an ak
nan peyi Liban an jouk nou rive bò gwo larivyè Lefrat la.
8 Nou wè! Men m'ap ban nou tout peyi sa yo. Al pran
posesyon peyi mwen menm Seyè a, mwen te pwomèt
m'ap bay zansèt nou yo, Abraram, Izarak ak Jakòb, pou
yo ak pou tout pitit yo ak pitit pitit yo apre yo. 9 Menm lè
sa a, mwen te di nou: Mwen pa kapab reskonsab nou
tout pou kont mwen, chay la twòp pou mwen. 10 Seyè
a, Bondye nou an, ban nou anpil pitit, kifè koulye a nou
vin anpil, tankou zetwal nan syèl la. 11 Se pou Seyè a,
Bondye zansèt nou yo, ban nou mil fwa plis pitit pase sa
nou gen koulye a. Se pou l' beni nou jan li te pwomèt nou
an. 12 Men, ki jan pou m' fè pote tout chay sa a pou kont
mwen, pou m' jwenn solisyon pou tout pwoblèm nou, pou
m' regle tout kont nou gen yonn ak lòt? 13 Se poutèt sa,
nan chak branch fanmi nou yo, chwazi kèk nèg ki gen
lespri, ki gen bon konprann, ki konn lavi, m'a mete yo chèf
pou dirije nou. 14 Lè sa a, nou te reponn mwen, nou te di
m' konsa: Sa ou mande nou fè la a bon wi! 15 Se konsa
mwen pran nan chak branch fanmi nou yo moun ki gen
lespri, moun ki konn lavi, mwen mete yo chèf pou dirije
nou. Genyen mwen mete chèf sou mil gason, dòt sou san
gason, dòt sou senkant gason, dòt ankò sou dis gason.
Mwen te chwazi lòt chèf tou pou chak branch fanmi. 16
Lè sa a, men sa mwen te mande chèf nou yo pou yo fè:
Chache konnen lè gen kont nan mitan pèp la. N'a regle
tout kont yon moun ka gen ak frè parèy li osinon ak moun
lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou. N'a fè sa san patipri.
17 Nou p'ap nan achte figi lè n'ap jije yon bagay. Se pou
nou jije tout moun menm jan, kit se yon ti malere, kit se
yon grannèg. Nou pa bezwen pè pesonn paske n'ap jije
dapre prensip Bondye bay. Lè se yon ka ki twò difisil pou
nou, n'a pote l' vin devan mwen, m'a jije l' mwen menm.
18 Se konsa, menm lè sa a, mwen te ban nou lòd, mwen
te di nou sa pou n' fè ak sa pou n' pa fè. 19 Apre sa,
nou leve, nou kite mòn Orèb la. Jan Seyè a, Bondye nou
an, te ban nou lòd la, nou mache nan tout gwo dezè ki
gen anpil danje ladan l' lan, dezè nou te wè a, nou pran
chemen pou n' al nan mòn peyi Amori yo, epi nou rive
Kadès Banea. 20 Lè sa a, mwen di nou: Men nou rive
nan mòn peyi Amori yo, peyi Seyè a, Bondye nou an, ap
ban nou an. 21 Gade, men peyi Seyè a, Bondye nou an,
ap ban nou an. Ale non, pran peyi a pou nou, jan Seyè
a, Bondye zansèt nou yo, te di l' la. Nou pa bezwen pè,
kè nou pa pou janm kase. 22 Lè sa a nou tout, nou vin
jwenn mwen, nou di m' konsa: Ann voye kèk nèg pami
nou devan pou y' al wè ki jan peyi a ye. Y'a tounen vin
esplike nou ki wout pou nou swiv ak nan ki lavil nou ka
antre. 23 Mwen te wè sa nou di m' lan se te bon koze. Se
konsa mwen chwazi douz nèg, yonn nan chak branch
fanmi. 24 Yo pati, yo pran chemen mòn lan jouk yo rive
nan Fon Echkòl: yo vizite tout zòn lan nèt. 25 Yo pran kèk
fwi peyi a donnen, yo pote ban nou. Epi yo di nou peyi
Seyè a ap ban nou an se yon bon venn tè. 26 Men, nou
pa t' vle al ladan l'. Se konsa nou te derefize obeyi lòd
Seyè a, Bondye nou an, te ban nou. 27 Nou antre lakay
nou, nou pran plenyen. Epi nou di se vle Seyè a pa vle
wè nou! Se poutèt sa li fè nou soti kite peyi Lejip pou l'
lage nou nan men moun peyi Amori yo pou yo ka fini ak
nou. 28 Kote nou prale koulye a? Moun nou te voye yo
dekouraje nou. Yo di nou moun ki nan peyi sa a pi fò pase
nou, yo pi bèl wotè pase nou. Lavil yo gran anpil ak gwo
ranpa byen wo ki rive jouk nan syèl la. Nou te menm wè
kèk moun ras Anak yo la tou. 29 Men, mwen di nou: Kè
nou pa bezwen kase, nou pa bezwen pè moun sa yo.
30 Seyè a, Bondye nou an, ap mache alatèt nou. Li pral
goumen pou nou menm jan nou te wè l' fè l' la nan peyi
Lejip 31 ak nan dezè a. Nou wè ki jan sou tout wout la li
pa janm lage nou, tankou yon papa ki pa janm lage pitit li,
jouk nou rive bò isit la. 32 Men, atout mwen te di nou sa,
nou pa t' vle mete konfyans nou nan Seyè a, Bondye nou
an, 33 li menm ki te pran devan nou sou tout wout la pou
l' te ka jwenn kote pou nou moute kan nou. Lannwit, li te
mache devan nou nan yon poto dife. Lajounen, nan yon
gwo nwaj li te moutre nou chemen pou nou pran. 34 Lè
Seyè a tande jan nou t'ap plenyen, li te fache anpil, li fè
sèman, li di: 35 Pa gen yonn nan tout move sije sa yo k'ap
viv koulye a k'ap antre nan bon peyi mwen te pwomèt
m'ap bay zansèt nou yo, 36 an wetan Kalèb, pitit gason
Jefoune a, ki va antre nan peyi sa a. M'a ba li peyi li te al
espyonnen an, pou li ak pou pitit li yo, paske li te obeyi m'
san gad dèyè. 37 Nou lakòz Seyè a te fache ata avè m',
epi li di m': Ou menm tou Moyiz, ou p'ap antre nan peyi a.
38 Se Jozye, pitit gason Noun lan, k'ap sèvi avè ou la,
ki va antre nan plas ou. Ankouraje l' tande, paske se li
menm ki pou fè pèp Izrayèl la antre al pran peyi a. 39
Men, se pitit nou yo, sa nou di ki tapral tonbe anba men
lènmi nou yo, timoun nou yo ki koulye a poko konnen sa
ki byen ak sa ki mal, se yo menm ki pral antre nan peyi a.
Se yo menm mwen pral bay peyi a, se yo menm ki pral

rete ladan l'. **40** Men nou menm, tounen tounen nou nan
dezè a! Pran chemen Lanmè Wouj la ankò! **41** Lè sa a
nou reponn mwen: Nou rekonèt nou peche kont Seyè a.
Nou prale, epi n'a goumen jan Seyè a, Bondye nou an, te
ban nou lòd la. Epi nou leve nou pran zam nou. Nou te
kwè sa tapral fasil pou nou pran mòn yo. **42** Men, Seyè a
di m' avèti nou: Piga n' al atake, piga n' al fè lènmi nou yo
bat nou, paske li p'ap kanpe avèk nou. **43** Mwen te pale
nou, men nou pa t' koute m', nou derefize swiv lòd Seyè a
te ban nou. Nou te konprann nou te fò kont kò nou pou n'
te al pran mòn lan. **44** Lè sa a, moun peyi Amori yo ki te
rete nan mòn yo soti vin kontre ak nou. Tankou yon desen
myèl, yo kouri dèyè nou, yo bat nou byen bat nan tout
peyi Seyi a rive jouk Oma. **45** Lè nou tounen, nou kriye
nan pye Seyè a, men Seyè a pa t' koute sa nou t'ap di l', li
pa t' pran ka nou. **46** Se poutèt sa nou te blije pase tout
tan sa a nan zòn Kadès la.

2 Lè sa a, nou tounen tounen nou nan dezè a, nou pran
chemen Lanmè Wouj la pou nou, jan Seyè a te pase
nou lòd la. Nou pase yon pakèt tan ap mache moute
desann nan mòn peyi Seyi yo. **2** Apre sa, Seyè a pale
avè m', li di m' konsa: **3** Nou fè kont moute desann nou
nan mòn yo. Koulye a, pran direksyon nò pou nou. **4** Bay
pèp la lòd sa a: Nou pral pase nan mitan peyi Seyi a, kote
pitit pitit Ezaou yo rete a. Moun sa yo se menm ras ak
nou yo ye. Y'ap pè nou, men, atansyon! **5** Pa chache yo
kont, paske mwen p'ap ban nou ata yon pous tè nan peyi
yo a. Se mwen menm ki bay moun fanmi Ezaou yo tout
mòn Seyi a nèt pou yo rete. **6** N'a achte manje pou nou
manje nan men yo pou lajan nou, n'a mande yo achte ata
dlo pou nou bwè. **7** Chonje byen, Seyè a, Bondye nou
an, te beni nou nan tou sa n'ap fè. Li te pran swen nou
pandan tout tan nou t'ap moute desann nan gwo dezè a.
Sa fè karantan depi Seyè a la nan mitan nou, nou pa
janm manke anyen. **8** Se konsa nou leve, nou pati, nou
kite wout Araba a ki soti lavil Elat ak lavil Etsongebè, nou
pase byen lwen peyi kote pitit Ezaou yo rete a, peyi ki pou
moun menm ras ak nou yo. Nou vire, nou pran chemen ki
mennen nan dezè Moab la. **9** Lè sa a, Seyè a di m': Pa
chache moun Moab yo, moun fanmi Lòt yo, kont. Pa al
goumen ak yo paske mwen p'ap ban nou anyen nan peyi
ki pou yo a. Se mwen menm ki bay yo lavil A Moab la pou
yo rete. **10** (Nan tan lontan, se te emen yo ki te rete nan
lavil Ar la. Se te yon ras moun ki te wo anpil tankou moun
Anak yo. Yo te anpil, yo te barak gason. **11** Tout lòt moun
te rele yo refayim, menm non ak moun Anak yo. Men, se
moun Moab yo ki te rele yo emen. **12** Konsa tou, nan tan
lontan se orit yo ki te rete nan peyi Edon an. Men moun
fanmi Ezaou yo te pran peyi a nan men yo, yo touye tout
moun epi yo rete ladan l' nan plas moun yo, menm jan
moun Izrayèl yo te fè pou peyi ki pou yo a, peyi Seyè a te
ba yo a.) **13** Aprè sa, Seyè a di ankò: Leve non! Janbe lòt
bò ravin Zerèd la. Se konsa nou janbe lòt bò ravin Zerèd
la. **14** Nou pran trantwitan pou nou mache soti Kadès
Banea jouk nou rive janbe lòt bò ravin Zerèd la. Pandan
tout tan sa a, mezi gason ki te gen laj pou fè lagè lè sa a
te gen tan mouri, jan Seyè a te di li t'ap fè a. **15** Seyè a te
leve dèyè yo nan kan an jouk yo tout te mouri. **16** Lè
tout gason ki te gen laj pou fè lagè lè sa a te fin mouri,
17 Seyè a pale avè m', li di m' konsa: **18** Jòdi a ou pral
pase fwontyè peyi Moab la, ou pral pran chemen lavil Ar
la. **19** Ou pral tonbe bab pou bab ak moun Amori yo. Pa
chache yo kont. Pa al goumen ak yo paske mwen p'ap ba
ou anyen nan peyi Amon an. Se pitit pitit Lòt yo ye; se
mwen menm ki ba yo peyi sa a pou yo rete. **20** (Nan tan
lontan, dapre sa yo di, peyi sa a, se te peyi refayim yo. Se
refayim yo ki te rete ladan l' anvan. Moun Amon yo te rele
yo Zanmzoumim. **21** Yo te bèl wotè tankou moun Anak
yo. Yo te anpil, yo te barak gason. Men, Seyè a te touye
yo pou moun Amon yo te ka pran peyi a nan men yo, pou
yo te ka rete yo menm ladan l'. **22** Se menm bagay Seyè
a te fè pou moun fanmi Ezaou yo ki rete nan peyi Seyi a.
Li touye orit yo pou moun Ezaou yo te ka pran peyi a nan
men yo, pou yo te ka rete yo menm ladan l'. **23** Se menm
bagay la ki rive avit yo ki te rete nan tout ti bouk ou jwenn
jouk ou rive lavil Gaza: moun Kaftò yo soti zile Krèt, yo
touye avit yo epi yo rete nan peyi a nan plas yo. **24** Seyè
a di m' ankò: Leve, ranmase tout zafè nou yo. Pase lòt bò
ravin Anon an. Mwen pral lage Siyon, moun peyi Amori ki
wa lavil Esbon an, ansanm ak tout peyi li a nan menm
nou. Atake l', konmanse pran peyi a pou nou. **25** Depi jòdi
a, m'ap fè tout nasyon ki sou latè pè nou kou chat. Konsa,
depi y'a tande yo nonmen non nou, y'a pran tranble, y'a
gen yon sèl kè sere k'ap pran yo. **26** Lè sa a, antan nou
te nan dezè Kedemòt la, mwen voye kèk mesaje bò kote
Siyon, wa lavil Esbon an, pou yo te pale an zanmi avè l',
pou yo te di l' pou mwen: **27** Mwen fè lide pase nan peyi
a. N'ap pase pase nou sou gran chemen an san nou pa
vire ni adwat ni agoch. **28** W'a vann nou pou lajan nou
manje nou ka bezwen pou n' manje ansanm ak dlo pou
nou bwè. Se pase sèlman n'ap pase nan peyi a san rete,
29 jouk nou rive lòt bò larivyè Jouden an, nan peyi Seyè a,
Bondye nou an, ap ban nou an. Se konsa moun fanmi
Ezaou yo ki te rete nan peyi Seyi a, ak moun Moab yo ki
rete nan lavil Ar la te ban nou pèmisyon pou n' pase nan
peyi yo. **30** Men, Siyon, wa Esbon an, pa t' dakò pou l' te
kite nou pase nan pèyi l' la. Seyè a, Bondye nou an, fè
l' kenbe tèt ak nou, li fè l' refize chanje lide malgre tou
sa nou fè, pou l' sa lage l' nan men nou ansanm ak tout
peyi a, jan sa ye jouk koulye a. **31** Lè sa a, Seyè a di m'
konsa: Gade! Depi koulye a mwen lage Siyon ak tout peyi
li a nan men nou. Konmanse anvayi peyi a, pran peyi l' la
pou nou. **32** Siyon mache kontre nou ak tout lame l' la, li
vin mande nou batay bò Jayat. **33** Men, Seyè a, Bondye
nou an, lage l' nan men nou. Nou bat li byen bat, li menm,
pitit gason l' yo ak tout lame l' yo. **34** Tout lavil yo tonbe
nan men nou tou epi nou touye yo nèt pou Bondye nou
an tankou yon ofrann. Nou touye tout moun nèt, fanm kou
gason, timoun kou granmoun. Nou pa kite yonn chape. **35**
Tansèlman, nou pran tout bèt yo pou nou epi nou piye

tout lavil nou te pran yo. 36 Depi lavil Awoyè ki anwo bò
falèz ki bay sou ravin Anon an ak lavil ki nan fon an, jouk
lavil Galarad la, pa t' gen yon lavil ki te ka kenbe tèt ak
nou. Seyè a, Bondye nou an, te lage yo tout nan men
nou. 37 Men nou pa t' pwoche bò peyi moun Amon yo, ni
bò zòn larivyè Jabòk la, ni bò lavil ki nan mòn yo, ni bò
ankenn kote Seyè a te ban nou lòd pa atake.

3 Apre sa, nou pran yon lòt chemen nan direksyon peyi
Bazan an. Men, Og, wa peyi Bazan an, soti ak tout
lame li a, li vin kare pou batay ak nou bò lavil Edreyi a. 2
Lè sa a, Seyè a di m' konsa: Nou pa bezwen pè li, mwen
pral lage yo nan men nou, li menm ansanm ak tout pèp
li a ak tout peyi li a. Menm sa nou te fè Siyon, wa peyi
Amori ki te rete lavil Esbon an, se sa nou pral fè li tou. 3
Se konsa Seyè a, Bondye nou an, te lage Og, wa peyi
Bazan an, nan men nou ansanm ak tout pèp li a. Nou
touye yo tout. Nou pa kite pesonn chape. 4 Konsa tou,
nou pran tout lavil yo pou nou. Pa t' gen yonn menm ki pa
t' tonbe nan men nou. Antou nou te pran swasant lavil,
tout lavil ki te nan zòn Agòb la, kote Og, wa Bazan an, t'ap
gouvènen. 5 Tout lavil sa yo te gen bèl defans. Yo te gen
ranpa byen wo, gwo baryè ak ba solid pou fèmen baryè
yo. Nou te pran tou yon bann lòt lavil ki pa t' gen ranpa. 6
Nou detwi yo nèt pou Bondye tankou yon ofrann, menm
jan nou te fè l' pou Siyon, wa lavil Esbon an. Nou touye
tout moun ki te nan lavil yo, fanm kou gason, timoun kou
granmoun. 7 Men, nou pran tout zannimo yo ak tout lòt
bagay ki gen valè nan lavil yo pou nou. 8 Se konsa, lè
sa a, nou pran pou nou peyi tou de wa peyi Amori yo
ki t'ap viv sou bò solèy leve, depi ravin Anon jouk mòn
Emon, lòt bò larivyè Jouden an. 9 Moun Sidon yo rele
mòn Emon an Siryon, men moun Amori yo menm rele l'
Seni. 10 Nou pran tout lavil ki nan gwo platon sou tèt mòn
yo, tout peyi Galarad la ak peyi Bazan an rive jouk Salka
ak Edreyi, de lavil ki te pou Og, wa Bazan an. 11 (Og, wa
Bazan an, se te dènye moun nan ras refayim yo ki te
vivan. Sèkèy li te fèt an fè, li te gen kat mèt edmi longè
sou de mèt lajè. Yo ka wè l' jouk koulye a nan lavil yo
rele Raba moun Amon yo.) 12 Lè nou fin pran peyi a pou
nou, mwen bay branch fanmi Woubenn lan ak branch
fanmi Gad la pòsyon ki soti bò lavil Awoyè a, toupre ravin
Anon, rive pran mwatye nan mòn Galarad la avèk tout
lavil ki ladan yo. 13 Mwen bay mwatye nan branch fanmi
Manase a rès zòn Galarad la ak tout peyi Bazan an, kote
Og t'ap gouvènen an. (Dapre sa yo di, peyi Bazan an, tout
zòn Agòb la, se peyi refayim yo. 14 Jayit, moun fanmi
Manase, te pran tout zòn Agòb la, ki vle di peyi Bazan an
rive jouk sou fwontyè peyi moun Jechou yo ak peyi moun
Maka yo. Li bay peyi a non li. Li rele l' Bouk Jayi. Non
sa a rete pou peyi a jouk koulye a.) 15 Mwen bay Maki
peyi Galarad la. 16 Mwen bay branch fanmi Woubenn
ak branch fanmi Gad yo zòn ki soti depi peyi Galarad la
rive ravin Anon. Sou nan sid, baliz peyi a pase nan mitan
ravin Anon. Sou nan nò, peyi a rive rivyè Jabòk ki te sèvi
l' fwontyè ak peyi Amon an. 17 Sou bò solèy kouche,
larivyè Jouden an, depi letan Kinerèt jouk lanmè Sale a,
lanmè yo rele Araba a, va sèvi fwontyè ki va desann anba
lanmè Sale a jouk nan pye mòn Pisga a bò solèy leve. 18
Menm lè sa a tou, mwen ba yo lòd sa yo: Seyè a, Bondye
nou an, te ban nou peyi sa a pou nou rete! Koulye a, se
pou tout gason ki gen laj pou fè lagè pran zam yo. Se pou
yo janbe lòt bò larivyè Jouden an pran devan moun lòt
branch fanmi nou yo. 19 Sèl moun n'a kite nan lavil mwen
ban nou yo, se va madanm nou ak pitit nou yo ansanm ak
bèt nou yo. Pou bèt, mwen konnen nou pa manke sa. 20
N'a ede rès moun pèp Izrayèl yo jouk Seyè a va fin ba yo
pòsyon pa yo jan li deja fè l' pou nou an, jouk y'a fin pran
peyi Seyè a ap ba yo a lòt bò larivyè Jouden. Se lè sa a
n'a tounen nan peyi mwen te chwazi pou m' ban nou an.
21 Apre sa, mwen bay Jozye lòd sa a: Ou wè ak je ou tou
sa Seyè a, Bondye nou an, te fè de wa peyi Amon yo. Se
menm bagay la Seyè a ap fè wa tout peyi kote nou pral
pase yo. 22 Nou pa bezwen pè yo menm. Se Seyè a
menm, Bondye nou an, ki pral goumen pou nou. 23 Lè sa
a atò, mwen mande Seyè a yon favè. Mwen di l': 24 Seyè,
Bondye mwen, se ou menm ki konmanse fè sèvitè ou la
wè jan ou gen pouvwa, jan ou gen fòs kouraj. Pa gen lòt
bondye ni nan syèl, ni sou latè ki ka fè tout gwo bagay
w'ap fè yo. 25 Tanpri souple, kite m' travèse lòt bò larivyè
Jouden an pou m' ka wè bèl peyi ki lòt bò a, bèl mòn sa
yo ak peyi Liban an tou. 26 Men, se nou menm ki lakòz
Seyè a te fache sou mwen, li refize tande m'. Li di m'
konsa: Ase la! Pa janm vin pale m' bagay sa a ankò. 27
Moute sou tèt mòn Pisga a. Antan ou la, w'a voye je ou,
w'a gade sou bò nò, sou bò sid, sou bò solèy kouche ak
sou bò solèy leve. Louvri je ou. Gade byen, paske ou p'ap
janm mete pwent pye ou lòt bò larivyè Jouden an. 28 Bay
Jozye lòd tou sa pou li fè. Ankouraje l'. Ba li fòs kouraj,
paske se li menm ki pral janbe lòt bò larivyè Jouden an
alatèt pèp la. Se li menm ki pral fè yo pran peyi ou pral wè
a pou yo. 29 Epi nou rete nan fon an, anfas lavil Bètpeyò.

4 Apre sa, Moyiz di pèp la: -Koulye a, nou menm pèp
Izrayèl, se pou nou kenbe tout lòd ak tout prensip
mwen te moutre nou yo. Se pou nou mache dapre lòd sa
yo pou nou ka viv, pou nou ka antre nan peyi Seyè a,
Bondye zansèt nou yo, ap ban nou an. 2 Piga nou mete,
piga nou wete anyen sou sa mwen mande nou fè a. Se
pou nou kenbe tout kòmandman Seyè a, Bondye nou an,
jan mwen te moutre nou yo a. 3 Nou menm, nou te wè sa
Seyè a te fè bò mòn Peyò a, lè li te touye tout moun nan
mitan nou ki te al fè sèvis pou Baal sou mòn lan. 4 Men,
nou menm ki pa t' lage pye Seyè a, Bondye nou an, nou
tout la byen vivan toujou. 5 Gade! Mwen te moutre nou
tout lòd ak tout regleman, jan Seyè a, Bondye mwen an,
te mande m' fè l' la, pou nou te ka viv dapre lòd sa yo nan
peyi nou pral pran pou nou an. 6 Se pou nou kenbe yo,
se pou nou fè tou sa yo mande nou fè ladan yo. Paske, se
konsa n'a fè lòt nasyon yo wè jan nou gen konprann, jan

nou gen lespri. Lè y'a rive tande pale tout lòd sa yo, y'a di:
Ala yon gwo pèp, papa! Pèp sa a gen tan gen konprann,
yo gen tan gen lespri! 7 Paske pa gen lòt nasyon, li te
mèt gran kou l' gran, ki gen yon Bondye toupre yo, yon
Bondye k'ap kanpe la avèk yo, tankou Seyè a, Bondye
nou an, fè l' pou nou chak fwa nou rele l'. 8 Pa gen lòt
nasyon, li te mèt gran kou l' gran, ki gen bon lòd ak bon
prensip pou regle tout bagay san patipri tankou lalwa
mwen mete devan nou jòdi a. 9 Tansèlman, veye kò nou!
Atansyon pou nou pa janm bliye bagay nou te wè ak pwòp
je nou, pou nou pa janm wete yo nan lide nou pandan
tout lavi nou. Okontrè, se pou nou moutre pitit nou ak pitit
pitit nou yo tout bagay sa yo. 10 Pa bliye jou nou te kanpe
sou mòn Orèb la, devan Seyè a, Bondye nou an. Lè sa a,
li te di mwen: Sanble tout pèp la pou m' ka fè yo tande
pawòl mwen gen pou m' di yo, pou yo aprann respekte m'
pandan tout lavi yo sou latè, lèfini pou yo moutre pitit yo
fè menm bagay la tou. 11 N'a di yo ki jan nou te pwoche
bò pye mòn lan. Lè sa a, gwo flanm dife t'ap soti sou mòn
lan, yo t'ap moute byen wo nan syèl la. 12 Seyè a rete
nan mitan dife a li pale ak nou. Se bri bouch li ase nou te
tande ap pale. 13 Seyè a te fè nou konnen kontra li te
pase ak nou an. Li mande nou pou nou kenbe l'. Li te
ekri dis kòmandman yo sou de wòch plat yo, li mande
pou nou swiv yo. 14 Lè sa a, Seyè a pase m' lòd pou m'
moutre nou tout lwa ak tout prensip nou gen pou nou swiv
nan peyi kote nou pral antre a, peyi nou pral pran pou nou
an. 15 Veye kò nou, tande! Se pou byen nou wi! Lè Seyè
a te pale ak nou nan mitan dife a, sou mòn Orèb la, nou
pa t' wè anyen ki ta sanble ak yon bagay. 16 Piga nou
fè sa nou pa dwe fè. Piga n' al fè ankenn zidòl pou nou
adore, kit li gen fòm gason, osinon fòm fanm, 17 kit li gen
fòm zannimo oswa fòm zwazo, 18 kit li gen fòm bèt k'ap
trennen sou vant yo osinon fòm pwason. 19 Konsa tou, lè
nou leve je nou nan syèl la, nou wè solèy la, lalin lan,
zetwal yo ak tout lòt bagay ki anwo nan syèl la. Pa kite yo
vire tèt nou pou nou fè sèvis pou yo. Pa al mete ajenou
devan yo. Bondye mete yo la pou sèvis tout moun ki sou
latè. 20 Kanta nou menm, Seyè a te pran nou, li fè nou
soti kite peyi Lejip ki te pou nou tankou yon gwo fou dife
kote yo fonn fè, epi li fè nou tounen sa nou ye koulye a:
yon pèp ki rele l' pa l'. 21 Men, Seyè a, Bondye nou an,
te fache sou mwen poutèt nou. Li fè sèman li p'ap kite
m' janbe lòt bò larivyè Jouden an, ni li p'ap kite m' mete
pwent pye m' nan bon peyi li menm, Seyè a, Bondye nou
an, ap fè nou kado a. 22 Se konsa, mwen menm, m'ap
mouri bò isit la, mwen p'ap janbe lòt bò larivyè Jouden an.
Men, nou menm, n'ap janbe lòt bò larivyè a, nou pral pran
bon peyi sa a pou nou. 23 Veye kò nou pou nou pa janm
bliye kontra Seyè a, Bondye nou an, te pase ak nou an.
Piga nou janm fè ankenn zidòl, ankenn pòtre bagay Seyè
a, Bondye nou an, te defann nou fè. 24 Paske Seyè a,
Bondye nou an, se yon Bondye ki fè jalouzi anpil, li tankou
yon dife k'ap boule tout bagay kote l' pase. 25 Lè n'a gen
pitit ak pitit pitit, lè n'a fin vye granmoun nan peyi a, piga
nou fè sa nou pa t' dwe fè. Piga nou fè estati osinon pòtre
ankenn bagay pou nou fè sèvis pou yo. Piga nou fè sa ki
mal nan je Seyè a, Bondye nou an, pou nou fè l' fache.
26 Si nou fè bagay konsa, men m'ap pran syèl la ak latè a
pou temwen pou yo tande sa m'ap di nou jòdi a: N'ap rete
konsa, n'ap disparèt nan peyi nou pral pran pou nou lòt
bò larivyè Jouden an. Nou p'ap rete lontan nan peyi a,
paske nou tout pral disparèt nèt. 27 Seyè a pral gaye
nou toupatou nan mitan lòt nasyon yo. Se yon ti ponyen
moun ase nan nou ki p'ap mouri nan peyi kote Seyè a
pral mennen nou an. 28 Lè n'a rive nan peyi sa yo, nou
pral fè sèvis pou bondye moun fè ak men yo, pou zidòl fèt
an bwa, osinon an wòch, zidòl ki pa ka wè, ki pa ka tande,
ki pa ka manje, ki pa ka pran sant anyen. 29 Men, lè sa a,
n'a pran chache Seyè a, Bondye nou an. Si nou chache l'
ak tout kè nou, n'a jwenn li. 30 Men, lè n'a gen kè sere, lè
tout bagay sa yo va rive nou vre, bout pou bout yon jou
n'a tounen nan pye Seyè a, Bondye nou an. N'a koute
tou sa l' t'ap di nou an. 31 Paske Seyè a, Bondye nou
an, se yon Bondye ki gen bon kè, li p'ap lage nou, ni li
p'ap detwi nou. Li p'ap janm bliye kontra li menm li te
pase ak zansèt nou yo, kontra li te fè sèman l'ap toujou
kenbe a. 32 Chache konnen sa ki te pase nan tan lontan,
nan tan ki te la anvan nou te fèt, depi lè Bondye te mete
moun sou latè. Ale toupatou sou latè, mande si yon gwo
bagay konsa te janm rive. Eske yo janm tande yon gwo
koze tankou koze sa a? 33 Eske janm gen yon pèp ki te
tande Bondye rete nan mitan dife pou pale ak yo, jan nou
menm nou te tande l' la, epi ki pa mouri apre sa? 34 Eske
te janm gen yon bondye ki te penmèt li al chache yon
pèp nan mitan yon lòt pèp pou fè li tounen pèp pa li, yon
bondye ki te janm fè tout mirak ak tout bèl bagay sa yo,
yon bondye ki te janm goumen tout goumen sa yo ak fòs
ponyèt li, ak gwo kouraj li epi ki te fè anpil bagay pou
fè moun tranble jan Seyè a, Bondye nou an, te fè l' pou
nou devan je nou nan peyi Lejip la? 35 Se nou menm sèl
Seyè a te fè wè tou sa pou nou te ka konnen se Seyè a ki
sèl Bondye tout bon an, pa gen lòt ankò. 36 Li rete nan
syèl la, li fè nou tande vwa l' pou l' te ka moutre nou anpil
bagay. Sou latè menm, li fè nou wè yon gwo dife, epi
li rete nan mitan dife a, li pale ak nou. 37 Li te renmen
zansèt nou yo, li te chwazi pitit pitit yo apre yo, kifè li te fè
yo santi li la ak yo, li fè yo wè gwo pouvwa li, li fè yo soti
kite peyi Lejip. 38 Lèfini, li fè yon bann nasyon ki pi gran,
ki pi fò pase nou kouri mete deyò pou fè plas ban nou. Li
fè nou antre nan peyi yo. Li ban nou yo pou yo rele nou
pa nou, jan sa ye jouk jòdi a. 39 Bon. Koulye a, konprann
sa byen. Pa janm bliye se Seyè a ki Bondye anwo nan
syèl la ak isit la sou latè. Wi, se li menm, pa gen lòt. 40
Se pou nou swiv tout lòd ak tout kòmandman mwen ban
nou jòdi a. Konsa, ni nou menm, ni tout pitit nou yo apre
nou, n'a viv lontan ak kè kontan nan peyi Seyè a, Bondye
nou an, ap ban nou pou rele nou pa nou pou tout tan. 41
Apre sa, Moyiz chwazi twa lavil lòt bò larivyè Jouden,
sou bò solèy leve, 42 lavil kote moun gen dwa kouri al

kache si li ta touye yon moun pèp Izrayèl parèy li san li pa
fè espre, san li pa janm gen anyen avè l'. Li gen dwa al
kache kò l' nan yonn nan lavil sa yo pou yo pa touye l'. 43
Pou moun branch fanmi Woubenn yo, se te lavil Bezè
nan dezè ki anwo sou platon an. Pou moun branch fanmi
Gad yo, se te lavil Ramòt nan zòn Galarad la. Pou moun
fanmi Manase yo, se te lavil Golan nan peyi Bazan. 44
Men lalwa Moyiz te mete devan moun pèp Izrayèl yo. 45
Men kòmandman, lòd ak prensip Moyiz te ba yo apre yo
te fin soti kite peyi Lejip. 46 Lè sa a, yo te deja rive lòt
bò larivyè Jouden, sou bò solèy leve, nan fon ki anfas
Bètpeyò a, nan peyi wa Siyon an. Siyon sa a te wa peyi
Amori a, li te rete lavil Esbon. Men, Moyiz ak moun pèp
Izrayèl yo te bat li apre yo te fin soti kite peyi Lejip la. 47
Yo pran peyi a nan men l'. Yo fè menm bagay la tou nan
peyi Bazan, kote wa Og t'ap gouvènen an. De wa peyi
Amori sa yo t'ap viv lòt bò larivyè Jouden, sou bò solèy
leve. 48 Peyi yo te pran an te konmanse depi lavil Awoyè
ki sou tèt falèz toupre larivyè Anon an, li rive jouk mòn
Siryon. Yo rele mòn sa a mòn Emon tou. 49 Yo te pran
tou tout zòn Araba a, ki sou bò solèy leve larivyè Jouden
an, rive lanmè Mouri a nan pye mòn Pisga.

5 Moyiz fè tout pèp Izrayèl la sanble, epi li di yo: -Nou
menm pèp Izrayèl, koute lòd ak kòmandman m'ap
fè nou tande jòdi a. Aprann yo byen. Pa janm bliye yo
pou nou ka toujou fè tou sa yo mande nou fè. 2 Seyè a,
Bondye nou an, te siyen yon kontra ak nou sou Mòn Orèb
la. 3 Se pa t' avèk zansèt nou yo sèlman Seyè a te pase
kontra a, men avèk nou menm tou, nou tout k'ap viv isit la
jòdi a. 4 Bondye te rete sou mòn lan, nan mitan dife a. Li
te pale ak nou fas pou fas. 5 Lè sa a, mwen menm mwen
te kanpe nan mitan, Seyè a yon bò, nou menm yon bò,
pou m' te rapòte nou tout pawòl Seyè a te di, paske nou
te pè dife a, nou pa t' vle moute sou mòn lan. Men sa
Seyè a te di: 6 Se mwen menm, Seyè a, Bondye nou an,
ki te fè nou soti kite peyi Lejip kote nou te esklav la. 7
Piga nou sèvi lòt bondye pase mwen menm sèlman. 8
Piga nou janm fè ankenn estati ni ankenn pòtre ki sanble
bagay ki anwo nan syèl la osinon bagay ki sou latè ou
ankò nan dlo anba tè a. 9 Piga nou adore yo, ni piga nou
sèvi yo. Paske, mwen menm Seyè a, Bondye nou an,
mwen se yon Bondye ki fè jalouzi anpil. Lè yon moun rayi
m', mwen fè pitit li, pitit pitit li ak pitit pitit pitit li yo peye
sa. 10 Men, lè yon moun renmen m', lè li fè sa m' mande
l' fè, m'ap moutre l' jan moun renmen l' tou ansanm ak
tout pitit pitit li yo pandan mil jenerasyon. 11 Piga nou
janm nonmen non Seyè a, Bondye nou an, an jwèt osinon
pou bay manti, paske mwen menm, Seyè a, Bondye nou
an, mwen p'ap manke pini moun ki nonmen non m' pou
gremesi. 12 Toujou chonje jou repo a pou nou mete l' apa
pou Bondye, jan mwen menm Seyè a, Bondye nou an, te
ban nou lòd fè l' la. 13 N'a travay sis jou. Lè sa a, n'a fè
tou sa nou gen pou nou fè. 14 Men, setyèm jou a, se
jou repo Seyè a, Bondye nou an. Jou sa a, nou p'ap fè
ankenn travay, ni nou menm, ni pitit gason nou, ni pitit fi
nou, ni fanm ni gason k'ap travay lakay nou, ni bèf nou, ni
bourik nou, ni ankenn nan lòt bèt nou genyen, ni moun lòt
nasyon ki rete lakay nou. Konsa, ni fanm ni gason k'ap
travay lakay nou ka pran repo menm jan ak nou. 15 N'a
toujou chonje se esklav nou te ye nan peyi Lejip la. E se
mwen menm, Seyè a, Bondye nou an, ki te vin delivre
nou ak fòs ponyèt mwen, ak gwo kouraj mwen. Se poutèt
sa, Seyè a, Bondye nou an, te pase nou lòd pou nou pa
bliye jou repo a. 16 Respekte manman nou ak papa nou
jan Seyè a, Bondye nou an, te pase nou lòd la, pou nou
ka viv lontan ak kè kontan nan peyi Seyè a, Bondye nou
an, te ban nou. 17 Piga nou janm touye moun. 18 Piga
nou janm fè adiltè. 19 Piga nou janm pran sa ki pa pou
nou. 20 Piga nou janm fè manti sou frè parèy nou nan
tribinal. 21 Piga nou janm pote lanvi sou madanm frè
parèy nou. Pa mete lide nou ni sou kay li, ni sou jaden li,
ni sou gason osinon fanm k'ap travay lakay li, ni sou bèf li,
ni sou bourik li, ni sou anyen ki pou frè parèy nou. 22 Men
pawòl Seyè a te di nou lè nou tout nou te sanble sou mòn
lan. Li te rete nan mitan dife a, anndan gwo nwaj nwa a, li
pale byen fò ak nou. Li pa di anyen ankò apre sa. Li ekri
kòmandman sa yo sou de wòch plat, epi li ban mwen yo.
23 Men, lè pèp la tande bri vwa ki t'ap soti nan nwaj nwa
a, lè yo wè mòn lan ki t'ap pran dife, yo vin jwenn mwen
ansanm ak tout chèf branch fanmi yo ak tout chèf fanmi
yo. 24 Yo di m' konsa: -Koulye a, nou wè Seyè a, Bondye
nou an. Nou wè jan li gen pouvwa, jan li merite yo fè lwanj
li. Nou tande vwa l' ap pale nan mitan dife a. Jòdi a nou
wè tout bon vre Bondye ka pale ak moun san yo pa mouri
pou sa. 25 Bon. Koulye a, poukisa pou n' al riske tèt nou
ankò avèk gwo dife sa a ki ka kankannen nou? Eske nou
p'ap mouri si nou tande vwa Seyè a, Bondye nou an, ap
pale yon lòt fwa ankò? 26 Eske gen moun sou latè ki ka
rete vivan toujou lè yo fin tande Bondye tout bon an rete
nan mitan dife pou pale ak yo, jan sa te rive nou an? 27
Ou mèt pwoche ou menm, pou ou tande tou sa Seyè a,
Bondye nou an, va di. Apre sa, w'a tounen vin di nou sa li
te di ou. N'a koute ou, epi n'a fè tou sa l' di nou fè. 28
Seyè a te tande sa nou te di a, li di m' konsa: Mwen tande
sa pèp la di la a. Yo gen rezon. 29 Mwen ta swete yo
toujou gen bon santiman nan kè yo pou yo ka gen krentif
pou mwen, pou yo kenbe lòd mwen yo, konsa yo ta viv ak
kè kontan tout tan, ni yo menm ni pitit yo. 30 Ale di yo yo
mèt tounen anba tant yo. 31 Men ou menm, ou va rete isit
la avè m'. M'a ba ou tout kòmandman, tout lòd ak tout
prensip pou ou moutre yo pou yo ka swiv yo nan peyi
m'ap ba yo a. 32 Veye kò nou pou nou viv jan Seyè a,
Bondye nou an, te mande nou viv la. Pa vire ni adwat ni
agoch. 33 N'a mache dwat nan chemen Bondye nou an,
Seyè a, mete devan nou an. Se konsa n'a gen lavi, n'a
gen kè kontan. N'a viv lontan nan peyi nou pral pran pou
nou rete a.

6 Koulye a, men kòmandman, lòd ak prensip Seyè a,
Bondye nou an, te mande pou yo moutre nou, pou nou

te ka swiv yo nan peyi kote nou pral antre pou nou pran
pou nou an. 2 Konsa, ni nou menm, ni pitit nou yo, ni pitit
pitit nou yo, n'a gen krentif pou Seyè a, Bondye nou an,
n'a kenbe tout lòd ak tout kòmandman li ban nou yo, chak
jou nan lavi nou. Se konsa n'a viv lontan. 3 Koute byen sa
m'ap di nou, nou menm pèp Izrayèl! Pa bliye yo. Fè tou
sa mwen di nou fè. Se sa ki va fè nou viv ak kè kontan.
Se sa ki va fè nou tounen yon gran nasyon nan bon peyi
sa a, kote lèt ak siwo myèl ap koule tankou dlo, jan Seyè
a, Bondye zansèt nou yo, te di l' la. 4 Koute byen, nou
menm pep Izrayèl! Seyè a, Bondye nou an, se li ki sèl
mèt. 5 Se pou nou renmen Seyè a, Bondye nou an, avèk
tout kè nou, avèk tout nanm nou, avèk tout fòs kouraj nou.
6 Pa janm bliye kòmandman m'ap ban nou jòdi a. 7 N'a
moutre yo bay pitit nou yo. N'a repete yo nan zòrèy yo, kit
nou chita lakay nou, kit n'ap mache sou granchemen, kit
nou kouche nan kabann nou, kit nou kanpe ap travay. 8
Mare yo sou ponyèt nou ak sou fwon nou pou nou sa pa
janm bliye yo. 9 N'a ekri yo sou chanbrann pòt lakay nou
ak sou pòtay lavil nou yo. 10 Seyè a pral kenbe pwomès li
te fè Abraram, Izarak ak Jakòb, zansèt nou yo, li pral fè
nou antre nan peyi li te fè sèman l'ap ban nou an. Se yon
peyi kote n'a jwenn gwo bèl lavil nou pa t' bati, 11 kote n'a
jwenn kay plen bon bagay san se pa nou menm ki te mete
yo la, avèk pi byen fon nou pa t' fouye, avèk jaden rezen
ak jaden oliv nou pa t' plante. Lè sa a, lè n'a fin manje
plen vant nou, 12 fè atansyon pou nou pa bliye Seyè a, li
menm ki te fè nou soti kite peyi Lejip kote nou te esklav
la. 13 Se pou Seyè a, Bondye nou an, ase pou nou gen
krentif. Se li menm ase pou nou sèvi. Se non li sèlman
pou nou pran pou fè sèman. 14 Pa kouri dèyè lòt bondye.
Piga n' al sèvi bondye pèp k'ap viv toupre nou yo. 15
Paske Seyè a, Bondye ki rete nan mitan nou an, se yon
Bondye ki fè jalouzi anpil. Si nou fè sa, l'a fache sou nou,
l'a disparèt nou nèt sou latè. 16 Piga nou sonde Seyè a,
Bondye nou an, jan nou te fè l' bò Masa a. 17 Se pou nou
kenbe tout kòmandman Seyè a ansanm ak tout lòd ak tout
prensip li ban nou pou nou swiv. 18 N'a fè sa ki dwat ak
sa ki byen nan je Bondye pou nou ka gen kè kontan, pou
nou ka pran bèl peyi Seyè a te fè sèman l'ap bay zansèt
nou yo, 19 pou nou ka chase tout lènmi nou yo devan
nou, jan li te pwomèt la. 20 Yon jou, lè pitit nou yo va
mande nou poukisa Seyè a, Bondye nou an, mande nou
pou nou swiv tout lòd, tout prensip ak tout kòmandman sa
yo, 21 lè sa a, n'a di yo: Nou te esklav farawon an nan
peyi Lejip. Seyè a te fè nou soti kite peyi Lejip la avèk fòs
ponyèt li. 22 Nou te wè ak je nou tout mèvèy ak tout mirak
li te fè pou kraze peyi Lejip, ansanm ak farawon an ak
tout moun pa l' yo. 23 Men nou menm, li fè nou soti kote
nou te ye a, li mennen nou nan peyi li te pwomèt zansèt
nou yo, epi li ban nou li. 24 Apre sa, Seyè a, Bondye nou
an, te pase nou lòd pou nou kenbe tout prensip sa yo.
Konsa, n'a gen krentif pou li, n'a viv ak kè kontan, epi l'a
konsève lavi nou jan li fè sa pou nou jouk koulye a. 25
Si nou vle fè Bondye plezi, se pou nou fè atansyon pou
nou swiv tout kòmandman sa yo nèt, se pou nou mache
devan Seyè a, Bondye nou an, jan li te mande nou an.

7 Seyè a, Bondye nou an, pral fè nou antre nan peyi
nou pral pran pou nou an. Li pral fè sèt nasyon ki gen
plis moun pase nou, ki pi fò pase nou, kouri met deyò
devan nou, ki vle di moun Et yo, moun Gigach yo, moun
Amori yo, moun Kanaran yo, moun Perèz yo, moun Evi yo
ak moun Jebis yo. 2 Seyè a, Bondye nou an, pral lage yo
nan men nou, nou pral bat yo. Lè sa a, se pou nou detwi
yo nèt tankou yon ofrann pou Bondye nou an. Piga nou
pase ankenn kontra ak yo. Piga nou gen pitye pou yo. 3
Piga nou marye ak moun sa yo. Pa kite pitit fi nou marye
ak pitit gason yo, ni pa kite pitit gason nou marye ak pitit
fi yo. 4 Paske y'a pran tèt pitit gason nou yo, y'a fè yo
vire do ban mwen pou y' al sèvi lòt bondye. Si nou fè sa,
Bondye va fache sou nou, l'a disparèt nou la pou la. 5
Men sa pou n' fè yo: Demoli tout lòtèl yo, kraze tout estati
yo, rache tout poto Achera yo, boule tout zidòl yo. 6 N'a
fè sa paske se yon pèp k'ap viv apa pou Seyè a, Bondye
nou an, nou ye. Se nou menm Seyè a, Bondye nou an,
te chwazi nan tout pèp ki sou latè pou li fè nou tounen
yon pèp ki rele l' pa l'. 7 Si, nan tout pèp ki sou latè, se
nou menm Seyè a te pi pito, si li te chwazi nou, se pa
paske nou te gen plis moun nan pèp nou an pase lòt yo.
Okontrè, se nou ki te gen pi piti moun. 8 Men, se paske
Seyè a te renmen nou, epi li te vle kenbe pwomès li te
fè zansèt nou yo. Se poutèt sa li delivre nou avèk fòs
ponyèt li. Li fè nou soti kite peyi Lejip kote nou te tounen
esklav la. Li wete nou anba pouvwa farawon an. 9 Se pou
nou rekonèt Seyè a, Bondye nou an, se sèl Bondye ki
genyen, sèl Bondye k'ap toujou kenbe pawòl li. Wi, l'ap
toujou kenbe kontra li pase a. L'ap toujou renmen moun ki
renmen l', moun ki fè tou sa l' mande yo fè, de pitit an
pitit, pandan mil jenerasyon. 10 Men, li p'ap manke pini
moun ki rayi l'. Se moun sa yo menm l'ap touye, pa lòt
moun ankò. Wi, li p'ap pran reta pou l' fè yo peye sa yo fè
a. 11 Se poutèt sa, se pou nou swiv tout kòmandman,
tout lòd ak tout prensip mwen mande nou jòdi a pou nou
swiv. 12 Si nou koute tou sa mwen mande nou la a, si nou
kenbe yo nan tèt nou, si nou swiv yo pwen pa pwen, Seyè
a, Bondye nou an, va toujou kenbe kontra li te pase ak
zansèt nou yo, l'ap toujou renmen nou jan li te fè sèman
bay zansèt nou yo. 13 L'a renmen nou, l'a beni nou, l'a fè
nou peple. L'a ban nou anpil pitit. L'a voye benediksyon
sou jaden nou, n'a gen anpil manje, anpil diven ak anpil
lwil. Bèf nou yo va bay anpil pòte, mouton nou yo va fè
anpil pitit. L'a fè tou sa pou nou nan peyi li te pwomèt
zansèt nou yo l'ap ban nou an. 14 Bondye ap beni nou
plis pase tout lòt pèp yo. p'ap gen yon moun nan mitan
nou, fanm kou gason, ki p'ap ka fè pitit. Konsa tou, p'ap
gen yonn nan bèt nou yo, ni mal ni fenmèl, ki p'ap ka fè
pitit. 15 Seyè a p'ap kite ankenn maladi tonbe sou nou. Li
p'ap janm voye sou nou move epidemi nou te wè ki te
tonbe sou moun peyi Lejip yo. L'ap kite sa pou tout moun
ki pa vle wè nou yo. 16 Se pou nou disparèt tout pèp

Seyè a, Bondye nou an, va lage nan men nou. Se pou
nou san pitye pou yo. Piga nou fè sèvis pou bondye moun
sa yo, paske sa ka fini mal pou nou. 17 Si nou ta rive di
nan kè nou: Nasyon sa yo gen plis moun pase nou. Ki jan
pou n' fè pou n' pran peyi a nan men yo? wete lide konsa
nan tèt nou. 18 Nou pa bezwen pè yo. Chonje tou sa
Seyè a, Bondye nou an, te fè farawon an ak tout peyi
Lejip li a. 19 Chonje tout gwo malè nou te wè ak je nou,
tout mèvèy ak tout mirak Seyè a te fè ak fòs ponyèt li ak
gwo kouraj li pou l' fè nou soti kite peyi sa a. Seyè a pral
fè menm jan an tou ak tout pèp nou pè yo. 20 Sa ki pi rèd
ankò, l'ap voye yon bann tanwouan pou touye tou sa ki
va chape anba men nou pou y' al kache pou nou. 21
Nou pa bezwen pè moun sa yo menm. Seyè a, Bondye
nou an, kanpe la avèk nou. Se yon Bondye ki gen anpil
pouvwa, yon Bondye ki fè tout moun respekte l'. 22 Seyè
a, Bondye nou an, va mete nasyon sa yo deyò devan
nou, yonn apre lòt. Nou p'ap ka detwi yo tout yon sèl kou.
Paske si nou fè l', bèt nan bwa ka anvayi peyi a, epi sa pa
ta bon pou nou. 23 Men, Seyè a, Bondye nou an, pral
lage yo nan men nou. L'ap fè yo pati kouri devan nou jouk
n'a fin disparèt yo nèt. 24 Seyè a pral mete wa yo anba
pye nou. Nou pral touye yo, nou pral fè tout moun sou latè
bliye non yo. Pesonn p'ap ka rete nou sou kous nou. Nou
pral detwi yo tout. 25 N'a boule tout zidòl yo te taye nan
bwa. Pa kite lò ak ajan ki kouvri zidòl yo mete move lanvi
nan ke nou. Pa pran yo pou nou. Sa ka yon pèlen pou
nou. Nou konnen bagay konsa se bagay Seyè a, Bondye
nou an, pa vle wè menm. 26 Konsa tou, pa pran ankenn
nan zidòl sa yo pou nou mete anndan lakay nou, pou
menm madichon ki sou yo a pa tonbe sou nou tou. Se pou
nou considere yo pou move bagay, pou vye bagay sal. Se
bagay ki madichonnen, bagay ki fèt pou disparèt nèt.

8 Se pou nou swiv pwen pa pwen tout kòmandman m'ap
ban nou jòdi a pou nou ka viv, pou nou ka gen anpil
pitit, pou nou ka mache pran peyi mwen te fè sèman
m'ap bay zansèt nou yo. 2 Chonje tout chemen Seyè
a, Bondye nou an, te fè nou pran nan dezè a pandan
karantan pou l' te ka kraze lògèy nou, pou l' te ka sonde
nou, pou l' te ka konnen sa ki nan kè nou, si tout bon vre
nou te soti pou kenbe kòmandman l' yo. 3 Li kraze lògèy
nou, li fè nou soufri grangou. Apre sa, li ba nou laman pou
nou manje, yon kalite manje ni nou menm ni zansèt nou
yo pa t' janm konnen. Li fè tou sa pou li te fè nou konnen
se pa pen ase moun bezwen pou yo viv. Yo bezwen tout
pawòl ki soti nan bouch Seyè a tou pou yo viv. 4 Pandan
tout karantan sa yo, rad sou nou pa janm fini, pye nou yo
pa janm fè yon ti anfle. 5 Se pou nou manyè konprann
koulye a, Seyè a, Bondye nou an, t'ap mete nou sou lòd
tankou yon papa k'ap mete pitit li sou lòd. 6 Se poutèt sa,
toujou kenbe tout lòd Seyè a, Bondye nou an, ban nou
pou nou ka mennen bak nou dwat nan chemen li mete
devan nou yo, lèfini pou nou toujou gen krentif pou li. 7
Men, Seyè a, Bondye nou an, ap mennen nou nan yon
bèl peyi, yon peyi kote ki gen anpil rivyè, anpil sous dlo,
anpil dlo anba tè k'ap pete nan fon yo ak sou flan mòn
yo, 8 yon peyi kote ki gen ble, lòj, rezen, pye fig frans,
grenad, oliv ak siwo myèl, 9 yon peyi kote nou p'ap janm
manke manje, kote nou va jwenn tou sa nou vle. Plen fè
nan mitan wòch li yo. N'a jwenn kwiv nan mòn li yo. 10
Men, lè n'a fin manje plen vant nou, n'a fè lwanj Seyè a,
Bondye nou an, pou bon peyi li te ban nou an. 11 Veye kò
nou pou nou pa janm bliye Seyè a, Bondye nou an, pou
nou pa janm neglije kòmandman, lòd ak prensip m'ap ban
nou jòdi a. 12 Lè n'a fin manje plen vant nou, lè n'a fin
bati bèl kay pou nou rete, 13 lè n'a wè bèf nou yo, kabrit
nou yo ak mouton nou yo ap peple, lè n'a wè n'a gen lò
ak ajan an kantite, lè n'a wè tout byen nou yo ap vin pi
plis chak jou, 14 pa kite lògèy vire tèt nou pou nou bliye
Seyè a, Bondye nou an, ki te fè nou soti kite peyi Lejip
kote yo te fè nou tounen esklav la. 15 Se li menm ki te
pran men nou pou fè nou travèse gwo dezè plen danje a,
kote ki gen eskòpyon ak sèpan ki gen move pwazon nan
bouch yo, kote moun ap mouri swaf dlo paske pa gen dlo
la menm. Men, se li menm ki te fè dlo soti nan gwo wòch
di a pou nou. 16 Nan dezè a se li menm ki te ban nou
manje laman, yon kalite manje zansèt nou yo pa t' janm
konnen. Li kraze lògèy nou, li sonde nou pou nou te ka
gen kè kontan pi devan. 17 Pa janm mete nan tèt nou se
kouraj nou ak fòs ponyèt nou ki fè nou gen tout richès sa
yo. 18 Chonje se Seyè a, Bondye nou an, ki te ban nou
kouraj sa a. Se li menm ki te fè nou rive gen tout richès
sa yo, paske li te kenbe kontra li te pase ak zansèt nou
yo, epi l'ap kenbe l' jouk jòdi a. 19 Si nou rive bliye Seyè
a, Bondye nou an, pou n' al kouri dèyè lòt bondye, pou
nou fè sèvis pou yo, pou n' adore yo, mwen tou avèti nou
jòdi a, nou tout nou gen pou nou disparèt. 20 Si nou pa
koute sa Seyè a, Bondye nou an, di nou, nou pral disparèt
menm jan ak nasyon Bondye pral disparèt devan nou yo.

9 Koute byen, nou menm pèp Izrayèl! Lè a rive, jòdi
a nou pral janbe lòt bò larivyè Jouden an pou n' al
anvayi peyi ki pou nasyon ki gen plis moun pase nou,
nasyon ki pi fò pase nou. Nou pral pran yon bann gwo lavil
ki gen ranpa wotè syèl la pou pwoteje yo. 2 Moun peyi a
se yon bann moun ki gwonèg, ki bèl wotè tankou moun
Anak yo. Nou konn tande yo di pa gen moun ki ka kenbe
tèt ak moun sa yo. 3 Enben, koulye a, nou pral konnen se
Seyè a, Bondye nou an, ki pral pran devan nou. Tankou
yon gwo dife k'ap boule tou sa li kontre, li pral disparèt yo
chak fwa n'a jwenn yo sou wout nou. Li pral fè yo bese tèt
devan nou. Se konsa n'a pran peyi a nan men yo, n'a
disparèt yo la pou la jan Seyè a te di l' la. 4 Lè Seyè a,
Bondye nou an, va fin chase moun sa yo devan nou, piga
nou di nan kè nou se paske nou merite kifè Seyè a te fè
n' antre pran peyi a pou nou. Non. Se paske moun sa yo
mechan kifè Seyè a te mete yo deyò ban nou plas yo. 5
Non! Se pa paske nou te merite, ni paske nou te mennen
bak nou dwat kifè Seyè a pral fè nou pran peyi a pou nou.
Se paske moun sa yo mechan kifè Seyè a, Bondye nou

an, pral disparèt yo sou tout wout nou. Epitou, se pou
l' te ka kenbe pawòl li te sèmante bay zansèt nou yo,
Abraram, Izarak ak Jakòb. 6 Se pou nou konnen se pa
paske nou merite anyen kifè Seyè a, Bondye nou an, ap
ban nou bon peyi sa a pou rele nou pa nou. Non! Paske
se yon pèp ki gen tèt di anpil nou ye. 7 Pa janm bliye jan
ou te fè Seyè a, Bondye nou an, fache anpil nan dezè a.
Depi lè nou te soti nan peyi Lejip jouk nou rive isit la, n'ap
fè wòklò devan Seyè a. 8 Lè nou te sou mòn Orèb la,
nou te eksite kòlè Seyè a. Li te sitèlman fache lè sa a, li
te fè lide detwi nou tout. 9 Mwen te moute sou mòn lan
pou m' te al resevwa de wòch plat yo, wòch ki te gen
kontra Seyè a te fè ak nou an ekri sou yo. Mwen rete
la, mwen pase karant jou, karant nwit, san manje, san
bwè anyen sou mòn lan. 10 Se lè sa a Seyè a te ban
mwen de wòch plat yo. Se sou yo li te ekri avèk pwòp
men l' tou sa li di nou, antan li te nan mitan gwo dife a, jou
nou tout te reyini nan pye mòn lan. 11 Wi, apre karant
jou ak karant nwit, Seyè a ban mwen de wòch plat yo
avèk kontra a ekri sou yo. 12 Epi li di m' konsa: Leve
non, desann mòn lan byen vit, paske pèp ou a, pèp ou
te mennen soti kite peyi Lejip la, lage kò l' nan fè sa ki
mal. Yo pa tann lontan pou yo kite chemen mwen te mete
devan yo pou yo swiv la. Yo gen tan fonn metal, yo fè
yon zidòl pou tèt pa yo. 13 Apre sa, Seyè a di m' ankò:
mwen gade pèp la, mwen wè se yon pèp ki gen tèt di
anpil. 14 Kite m' fè sa m'ap fè a non! Mwen pral disparèt
yo nèt pou pesonn sou latè pa janm chonje te gen moun
sa yo. Men ou menm, m'ap ba ou pitit ki va vin zansèt yon
nasyon k'ap pi gran, k'ap pi fò pase yo. 15 Mwen desann
soti nan mòn lan ki te plen flanm dife: mwen te gen de
wòch kontra yo nan men m'. 16 Lè mwen wè nou te gen
tan dezobeyi Seyè a, Bondye nou an, nou te gen tan kite
chemen Seyè a te mete devan nou, nou te fonn metal,
nou te fè estati yon ti towo, 17 mwen pran de wòch plat ki
te nan men m' yo, mwen voye yo jete, mwen kraze yo
devan nou tout. 18 Apre sa, mwen lage kò m' fas atè
devan Seyè a. Tankou premye fwa a, mwen pase karant
jou ak karant nwit, san manje, san bwè anyen. Tou sa,
paske nou te fè sa ki mal devan Seyè a, nou pa t' fè l'
plezi, nou te fè l' fache anpil. 19 Mwen menm, mwen te
pè anpil lè m' wè jan Seyè a te fache, paske li te fache
kont pou l' te disparèt nou nèt. Men, fwa sa a ankò, Seyè
a koute m'. 20 Lè sa a, li te fache anpil tou sou Arawon
jouk li te vle touye l'. Men, mwen te lapriyè nan pye l' pou
Arawon. 21 Mwen te pran estati ti towo bèf nou te fè ak
move lide nan tèt nou an, mwen jete l' nan dife. Mwen
mete l' nan yon pilon, mwen kraze l' an myèt moso, mwen
fè l' tounen pousyè. Lèfini, mwen te jete pousyè a nan dlo
larivyè ki desann soti nan mòn lan. 22 Nou te eksite kòlè
Seyè a tou lè nou te Tabera, lè nou te Masa ak lè nou te
Simityè Grangou. 23 Le Seyè a te ban nou lòd pati kite
Kadès-Banea pou n' al pran pou nou peyi li te di l'ap ban
nou an, nou t'ap fè wòklò ak Seyè a, Bondye nou an.
Nou pa t' kwè nan li, nou te derefize tande l'. 24 Depi
mwen konnen nou, se wòklò n'ap plede fè ak Bondye!
25 Se konsa mwen lage kò m' fas atè devan Seyè a,
pandan karant jou ak karant nwit, paske Seyè a te di l'ap
disparèt nou. 26 mwen te lapriyè Seyè a pou nou, mwen
di l' konsa: O Seyè, Bondye mwen, tanpri! Pa detwi pèp
ou a, pèp ki rele ou pa ou la, pèp ou te delivre ak pouvwa
ou la, pèp ou te fè soti kite peyi Lejip ak fòs ponyèt ou a.
27 Chonje sèvitè ou yo, Abraram, Izarak ak Jakòb! Pa
gade sou tèt di pèp la, ni sou mechanste ak sou peche
l'ap fè. 28 Mwen pa ta vle pou nan peyi kote ou fè nou
soti a moun yo ta di: Wi, Seyè a pa t' ka mennen yo nan
peyi li te pwomèt l'ap ba yo a. Se rayi li rayi yo kifè li fè yo
soti kite peyi Lejip la pou l' touye yo nan dezè a. 29 Men,
se pèp ou yo ye! Yo rele ou pa ou! Se avèk gwo pouvwa
ou, avèk fòs ponyèt ou ou te fè yo soti kite peyi Lejip.

10 Apre sa, Seyè a te di m': Taye de wòch plat tankou
de premye yo. Fè yon bwat an bwa, mete yo ladan
l'. Moute vin jwenn mwen sou mòn lan. 2 Mwen pral ekri
sou wòch yo tou sa mwen te ekri sou wòch plat ou te
kraze yo. Lèfini, w'a mete yo nan bwat la. 3 Se konsa,
mwen fè yon bwat an bwa zakasya, mwen taye de wòch
plat tankou de premye yo, epi mwen moute sou mòn lan
ak wòch yo nan men m'. 4 Seyè a make sou wòch yo dis
pawòl li te ekri premye fwa a, dis kòmandman Seyè a te
ban nou antan li te nan mitan dife a, jou nou tout nou te
reyini nan pye mòn lan. Apre sa li ban mwen yo. 5 Mwen
desann soti nan mòn lan. Mwen mete wòch plat yo nan
bwat mwen te fè a, jan Seyè a te ban mwen lòd la, epi
se la yo rete depi lè sa a. 6 Moun pèp Izrayèl yo kite pi
Benèy-Jakan yo, yo pati pou Mosera. Se la Arawon te
mouri. Se la tou yo antere l'. Se Eleaza, pitit li a, yo te
mete prèt nan plas li. 7 Yo kite kote yo te ye a, yo pati pou
Goud Goda, epi yo rive Jobata, yon kote ki te gen anpil
dlo. 8 Se lè sa a Seyè a te mete moun branch fanmi Levi
yo apa pou yo reskonsab pote Bwat Kontra Seyè a, pou
yo ka kanpe devan l' fè sèvis pou li, pou yo ka beni pèp la
nan non l', jan y'ap fè l' jouk koulye a. 9 Se poutèt sa,
moun branch fanmi Levi yo pa t' resevwa ankenn pòsyon
tè pou rele yo pa yo menm jan ak moun lòt branch fanmi
yo paske se Seyè a ki tout byen yo, jan Seyè a, Bondye
nou an, te di l' la. 10 Mwen menm, mwen rete karant jou,
karant nwit sou mòn lan, jan mwen te fè l' premye fwa
a. Fwa sa a ankò, Seyè a koute m', li te dakò pou l' pa
detwi nou. 11 Lè sa a, li di m' konsa: Leve non. Pati, pran
devan pèp la. Mennen yo al pran pou yo peyi mwen te
sèmante m'ap bay zansèt yo a. 12 Koulye a, nou menm
pèp Izrayèl, men sa Seyè a, Bondye nou an, mande nou:
Se pou nou gen krentif pou Seyè a, Bondye nou an. Se
pou nou swiv chemen li mete devan nou an. Se pou nou
renmen l'. Se pou nou sèvi l' ak tout kè nou ak tout nanm
nou. 13 Se pou nou mache dapre tout kòmandman ak
tout lòd li yo. Se pou byen nou mwen ban nou yo jòdi a.
14 Gade non! Se pou Seyè a syèl la ak tou sa ki anwo nèt
nan syèl la ye. Se pou li latè ak tou sa ki ladan l' lan ye.
15 Men, pami tout ras moun ki sou latè yo, se zansèt nou

yo li te pi pito, paske li te renmen yo. Apre yo, se nou
menm, pitit yo, li pi pito nan mitan tout lòt ras moun, jan sa
ye jouk koulye a. 16 Se poutèt sa, louvri kè nou nèt bay
Seyè a. Sispann fè wòklò ak li, 17 paske Seyè a, Bondye
nou an, se li menm ki Bondye anwo tout bondye, se li
menm ki chèf sou tout chèf. Li gen pouvwa, li gen fòs, li fè
moun respekte l'. Li pa nan paspouki, li pa kite yo achte
figi l' avèk kado y'ap ofri ba li. 18 L'ap defann kòz timoun
ki san papa yo ak kòz fanm ki pèdi mari yo. Li renmen
moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan pèp li a, li ba yo manje
pou yo manje ak rad pou yo mete sou yo. 19 Se pou nou
renmen moun lòt nasyon sa yo tou paske yon lè se sa
nou te ye nan peyi Lejip la. 20 Se pou Seyè a, Bondye
nou an, ase pou nou gen krentif. Se li menm sèlman pou
nou sèvi. Pa janm lage l'. Se nan non l' ase pou nou fè
sèman. 21 N'a fè lwanj li, se li menm ki Bondye nou. Nou
te wè ak je nou tout gwo bagay ak bèl mèvèy li te fè pou
nou. 22 Lè zansèt nou yo te desann nan peyi Lejip, yo te
swasanndis moun sèlman. Koulye a, Seyè a, Bondye nou
an, fè nou vin anpil tankou zetwal nan syèl la.

11 Se pou nou renmen Seyè a, Bondye nou an. Se
pou nou toujou kenbe lòd, prensip ak kòmandman li
ban nou yo. 2 Se pou nou rekonèt jòdi a tou sa Seyè a te
moutre nou. Nou te wè jan li gen pouvwa, jan li gen fòs,
jan li gen kouraj. Se nou menm ki te viv tout bagay sa
yo, se pa t' pitit nou yo. Yo menm yo pa t' konn anyen,
ni yo pa t' wè anyen. 3 Seyè a te fè nou wè mirak ak
gwo mèvèy li te fè nan mitan peyi Lejip, pou li te fini ak
farawon an ansanm ak tout moun nan peyi a. 4 Nou te
wè kisa li te fè lame Lejip la ak tout chwal yo ak tout cha
yo, ki jan li te fè dlo lanmè Wouj la kouvri yo, lè yo t'ap
rapouswiv nou an. Seyè a te kraze yo nèt. 5 Nou konnen
sa li te fè pou nou tout tan nou te nan dezè a jouk nou rive
isit la. 6 Chonje sa li te fè Datan ak Abiram, pitit Eliyab,
moun fanmi Woubenn yo. Tè a te fann, li vale yo tou vivan
ansanm ak tout fanmi yo, tout tant yo ak tout moun ki te
avèk yo, devan je tout pèp Izrayèl la. 7 Se nou menm ki
te wè ak je nou tout gwo mèvèy sa yo Seyè a te fè. 8
Se pou nou mache dapre lòd m'ap ban nou jòdi a, pou
nou ka vin fò, pou nou ka pran peyi nou pral anvayi a
pou nou, 9 pou nou ka viv lontan nan peyi Seyè a te fè
sèman l'ap bay zansèt nou yo pou yo menm ak tout ras
yo, nan peyi kote lèt ak siwo myèl ap koule tankou dlo. 10
Peyi nou pral anvayi pou nou pran pou nou an pa yon
peyi ki tankou peyi Lejip kote nou soti a, yon peyi kote se
nou menm ki te blije simen grenn nan jaden nou, lèfini
pou nou te travay di pou nou wouze yo tankou yo wouze
jaden legim. 11 Non! Peyi nou pral anvayi pou nou pran
pou nou an, se yon peyi ki gen anpil mòn ak anpil fon,
yon peyi lapli soti nan syèl wouze tout tan. 12 Se yon
peyi Seyè a, Bondye nou an, ap pran swen, yon peyi l'ap
veye pou anyen pa rive l' depi premye jou nan lanne a
rive dènye jou a. 13 Nou mèt sèten, si nou mache dapre
kòmandman mwen ban nou jòdi a, si nou renmen Seyè a,
Bondye nou an, si nou sèvi l' ak tout kè nou ak tout nanm
nou, 14 m'a voye lapli sou tè nou lè n'a bezwen l', m'a
bay lapli nan sezon plante ak nan sezon rekòt pou nou
ka gen anpil manje, anpil diven ak anpil lwil. 15 M'a fè
anpil zèb pouse nan savann nou yo pou bèt nou manje.
Konsa, n'a jwenn manje pou nou manje plen vant nou. 16
Fè atansyon pou nou pa pèdi tèt nou, pou nou pa kite
chemen ki devan nou an pou n' al sèvi lòt bondye, pou n'
al adore yo. 17 Si nou kite sa rive nou, Seyè a va fache
anpil sou nou, li p'ap voye lapli. Si pa gen lapli, tè a p'ap
bay sa pou l' te bay la. Nou tout n'ap mouri byen vit nan
bon peyi Seyè a ban nou an. 18 Fè pawòl m'ap di nou la a
antre nan tèt nou pou nou pa janm bliye yo! Mare yo sou
ponyèt nou ak sou fwon nou pou nou ka toujou chonje yo.
19 N'a moutre yo bay timoun nou yo, n'a repete yo nan
zòrèy yo, nou te mèt lakay nou, nou te mèt ap mache
granchemen, nou te mèt kouche nan kabann nou, nou te
mèt kanpe ap travay. 20 Ekri yo sou chanbrann pòt lakay
nou ak sou pòtay lavil nou yo, 21 pou nou ka viv lontan,
nou menm ansanm ak tout ras nou yo, nan peyi Seyè a te
fè sèman l'ap bay zansèt nou yo toutotan va gen yon syèl
anwo tè a. 22 Si nou swiv pwen pa pwen tout kòmandman
mwen ban nou lòd pou nou swiv yo, si nou renmen Seyè
a, Bondye nou an, si nou mache sou chemen li mete
devan nou an, si nou pa janm lage l', 23 Seyè a va mete
tout nasyon sa yo deyò devan nou pou nou ka pran plas
yo. N'a pran pou nou peyi yon bann nasyon ki gen plis
moun pase nou, ki pi fò pase nou. 24 Tout kote pye nou
va pile, se pou nou la ye. N'a gen dezè a pou lizyè sou
anba, peyi Liban an sou anwo. N'a gen gwo larivyè Lefrat
la yon bò ak lanmè Mediterane a sou bò solèy kouche.
25 Pesonn p'ap ka kanpe devan nou pou rete nou sou
kous nou. Kote nou pase, Seyè a, Bondye nou an, pral
fè moun peyi a pè nou, yo pral kouri pou nou jan li te
pwomèt nou li a. 26 Jòdi a, mwen mete benediksyon ak
madichon devan nou. Se nou ki pou chwazi. 27 Se va
benediksyon pou nou si nou swiv tout kòmandman Seyè
a, Bondye nou an, kòmandman mwen ban nou jòdi a.
28 Men se va madichon pou nou si nou pa vle mache
dapre kòmandman Seyè a, Bondye nou an, si nou kite
chemen mwen mande nou pou nou swiv jòdi a pou n' al
kouri dèyè lòt bondye nou pa janm konnen. 29 Lè Seyè a,
Bondye nou an, va fè nou antre nan peyi nou pral pran
pou nou an, n'a mete benediksyon an sou mòn Garizim,
n'a mete madichon an sou mòn Ebal. 30 Mòn sa yo lòt bò
larivyè Jouden, nan direksyon solèy kouche, nan peyi
moun Kanaran yo ki rete nan plenn Araba a, anfas Gilga,
toupre pye chenn More a. 31 Nou prèt pou nou janbe lòt
bò larivyè Jouden an pou n' al pran pou nou peyi Seyè a,
Bondye nou an, ap ban nou an. N'a pran peyi a pou nou,
n'a rete ladan l'. 32 N'a fè atansyon pou nou kenbe tout
lòd ak tout prensip mwen mete devan nou jòdi a.

12 Men lòd ak kòmandman pou nou swiv pandan tout
tan nou gen pou nou viv nan peyi Seyè a, Bondye
zansèt nou yo, ban nou pou nou rete a. 2 Nan peyi nou
pral pran pou nou an, se pou nou kraze tout kote moun yo

te konn sèvi bondye yo sou gwo mòn wo yo, sou ti bit
mòn yo, anba pyebwa vèt yo. 3 Se pou nou demoli tout
lòtèl yo, se pou nou gaye tout pil wòch zidòl yo. Se pou
nou rache tout poto Achera yo. Se pou nou boule tout
zidòl yo pou moun pa janm chonje yo te konn fè sèvis
pou bondye sa yo la ankò. 4 Nou pa fèt pou nou sèvi
Seyè a, Bondye nou an, jan moun sa yo te konn sèvi
bondye yo. 5 Se Bondye menm ki pral chwazi yon kote
pou l' rete nan mitan pèp la, kote pou yo fè sèvis pou li.
Se la n'a vin jwenn Seyè a, Bondye nou an. 6 Se la n'a
pote ofrann pou boule nèt nan dife pou Seyè a ak lòt bèt
n'ap ofri ba li, ladim nou yo ak kado nou yo, ofrann nou te
pwomèt bay Bondye, ofrann nou leve konsa nou vle fè
pou Bondye, premye pitit bèf nou yo, premye pitit kabrit
nou yo ak premye pitit mouton nou yo. 7 Se la, devan
Seyè a, Bondye nou an, n'a fè fèt, n'a manje ansanm ak
tout moun nan fanmi nou yo. Se la n'a fè kè nou kontan
chak lè Seyè a va beni nou pou li te fè nou fè bèl rekòt. 8
Lè sa a, nou p'ap gen dwa fè sa n'ap fè koulye a kote
chak moun ap fè sa yo pi pito, 9 paske nou poko antre
nan peyi Seyè a, Bondye sou an, ap ban nou pou nou
rete ak kè poze. 10 Men, yon fwa n'a janbe lòt bò larivyè
Jouden an pou n' al rete nan peyi Seyè a, Bondye nou an,
ap ban nou an, l'a pwoteje nou nan mitan tout lènmi k'ap
viv nan peyi ki sou fwontyè nou yo, n'a rete nan peyi a ak
kè poze. 11 Wi, Seyè a, Bondye nou an, va chwazi yon
sèl kote pou yo fè sèvis pou li. Se la n'a pote tout ofrann
mwen mande nou yo ba li: ofrann bèt pou nou boule nèt
nan dife pou Seyè a, lòt bèt n'ap ofri ba li, ladim nou yo,
lòt ofrann yo ak tout lòt bèl kado nou te pwomèt pou n' te
bay Seyè a. 12 Lè sa a, n'a fè fèt devan Seyè a, Bondye
nou an, ansanm avèk pitit gason nou yo, pitit fi nou yo,
gason ak fanm k'ap travay lakay nou yo ak moun Levi k'ap
viv nan mitan nou yo, paske moun Levi yo pa gen ankenn
pòsyon tè ki rele yo pa yo menm jan ak nou nan peyi a.
13 Piga nou ofri bèt nou yo pou mwen nenpòt kote nou wè
yo te mete apa pou lòt bondye yo. 14 Seyè a pral chwazi
yon kote nan pòsyon tè yonn nan branch fanmi nou yo. Se
la sèlman n'a ka ofri bèt pou nou boule nèt pou Seyè a,
se la n'a fè tou sa li mande pou nou fè a. 15 Men, nou lib
pou nou touye bèt chak fwa nou vle manje vyann nenpòt
kote nou ye, dapre kantite Seyè a va ban nou. Tout moun,
kit sa ki nan kondisyon, kit sa ki pa nan kondisyon pou fè
sèvis pou Bondye, va gen dwa manje vyann sa yo, tankou
yo ta manje vyann gazèl ak vyann towo bèf. 16 Men, piga
nou janm manje san yo. Se pou nou vide tout san an atè
tankou dlo. 17 Nan tout lavil kote nou rete, nou p'ap gen
dwa manje ladim ble, ladim diven osinon ladim lwil nou
gen pou n' ofri bay Seyè a. Piga nou janm manje anyen
nan sa n'ap ofri bay Seyè a: ki vle di premye pitit bèf nou
yo, premye pitit kabrit osinon mouton nou yo, ou ankò
kado nou ta pwomèt Seyè a pou nou ba li, kado nou leve
konsa nou vle fè Seyè a, ni ankenn lòt ofrann nou pote
bay Seyè a. 18 Men, se kote Seyè a, Bondye nou an, te
chwazi a, se la sèlman n'a manje ofrann yo devan Seyè
a, Bondye nou an, ansanm ak pitit gason nou, pitit fi nou,
gason ak fanm k'ap travay lakay nou ak moun Levi ki
rete nan mitan nou yo. Se la n'a pran nan ofrann nou
te pote yo, n'a fè fèt devan Seyè a, Bondye nou an. 19
Toutotan n'ap viv nan peyi a, piga nou janm bliye moun
Levi yo. 20 Lè Seyè a, Bondye nou an, va mete sou tè
nou deja genyen an jan li te pwomèt nou sa a, depi nou
vle manje vyann, nou mèt manje vyann lè nou vle, kantite
nou vle. 21 Lè kote Seyè a chwazi pou yo fè sèvis pou li a
twò lwen pou nou ale, n'a gen dwa touye bèf, kabrit ak
mouton Seyè a va ban nou, jan mwen te di nou pou nou
fè l' la. N'a gen dwa manje vyann lakay nou lè nou vle,
kantite nou vle. 22 Tout moun, kit yo nan kondisyon kit yo
pa nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye, tout moun
va gen dwa manje nan vyann sa a, tankou yo gen dwa
manje vyann gazèl ak vyann towo bèf. 23 Tansèlman,
piga nou janm manje san an, paske san an se nanm bèt
la li ye. Piga nou janm manje vyann lan ansanm ak nanm
lan ladan l'. 24 Piga nou janm manje san an. N'a vide l'
atè tankou dlo. 25 Si nou pa manje san an, tout bagay
va mache byen pou nou ak pou tout ras nou apre nou,
paske n'a fè sa ki fè Seyè a plezi. 26 Men, n'a pran tout
ofrann nou yo ak tout kado nou te pwomèt bay Seyè a,
n'a pote yo kote Seyè a te chwazi a. 27 Se la n'a ofri bèt
pou boule nèt pou Seyè a sou lòtèl Seyè a. Se la n'a vide
san lòt bèt n'ap ofri sou lòtèl Seyè a, epi se la n'a manje
vyann lan tou. 28 Se pou nou swiv pwen pa pwen tou sa
m'ap mande nou fè a, se pou nou kenbe tout lòd mwen
ban nou pou tout bagay toujou mache byen pou nou ak
pou tout ras nou apre nou, paske n'ap fè tou sa ki byen,
tou sa ki dwat devan Seyè a, Bondye nou an. 29 Lè Seyè
a, Bondye nou an, va fin disparèt nasyon yo sou chemen
nou pou nou ka anvayi peyi yo a, lè n'a fin pran peyi a nan
men yo pou nou ka rete nou menm ladan l', 30 atansyon
pou nou pa kite yo pran tèt nou pou nou fè menm jan ak
yo. Apre Seyè a va fin kraze nasyon sa yo devan nou,
pa konprann pou n' al swiv move egzanp yo. Pa chache
konnen ki bondye yo t'ap sèvi, ni ki jan yo t'ap sèvi yo,
lèfini pou nou fè tankou yo. 31 Se pa konsa pou n' aji ak
Seyè a, Bondye nou an. Paske, Seyè a pa ka sipòte tout
vye sèvis y'ap fè pou bondye sa yo. Yo menm rive pran
pwòp pitit gason ak pitit fi yo pou yo boule nan dife pou
bondye yo! 32 Se pou nou toujou fè tou sa mwen mande
nou fè la a, san nou pa ni mete ni wete anyen ladan yo.

13 Si ta gen nan mitan nou yon pwofèt osinon yon
moun ki konn fè vizyon, epi ki ta fè konnen kèk siy
osinon kèk gwo bagay pral rive nan mitan nou, 2 si sa li
te anonse a rive vre epi li ta vin di nou: Ann al swiv lòt
bondye nou poko konnen menm yo! Ann al fè sèvis pou
yo! 3 nou pa fèt pou nou koute pawòl pwofèt sa a ap di, ni
sa moun ki konn fè vizyon an ap vin rakonte nan zòrèy
nou. Paske se Seyè a, Bondye nou an, k'ap sonde nou,
l'ap chache konnen si vreman vre nou renmen Seyè a ak
tout kè nou, ak tout nanm nou. 4 Se Seyè a, Bondye nou
an, pou nou swiv. Se li menm pou nou gen krentif. Se lòd

li pou nou swiv. Se sa li di nou pou nou koute. Se li menm
pou nou sèvi. Pa janm vire do ba li. 5 Kanta pou pwofèt
sa a, osinon moun k'ap fè vizyon an, se pou nou touye yo.
Paske y'ap ban nou konsèy pou nou kenbe tèt ak Seyè
a, Bondye nou an, ki te fè nou soti kite peyi Lejip epi ki
te wete nou nan esklavaj nou te ye laba a. Se pou nou
touye yo, paske y'ap chache fè nou kite chemen Seyè a,
Bondye nou an, te mete devan nou pou nou te swiv la. Se
konsa n'a wete bagay mal k'ap fèt nan mitan nou. 6 Si
yon frè nou, bò papa osinon bò manman, osinon yon pitit
gason nou, osinon yonn nan pitit fi nou, osinon madanm
k'ap viv nan menm kay avèk nou, osinon ankò yonn nan
bon bon zanmi nou ta chache pran tèt nou an kachèt pou
fè n' al sèvi lòt bondye, bondye ni nou menm ni zansèt
nou yo pa t' janm konnen, 7 yonn nan bondye lòt moun
k'ap viv ansanm avèk nou sou latè, kit yo toupre nou, kit
yo byen lwen nou, 8 pa janm tonbe dakò avèk li. Pa koute
sa l'ap di nou. Se pou nou san pitye pou li. Pa chache
pwoteje li, pa chache kouvri anyen pou li. 9 Okontrè, se
pou nou touye l'. Premye moun ki pou leve men sou li pou
touye l' ak koutwòch se va nou menm. Apre sa, n'a kite
lòt moun vin ede nou touye l'. 10 N'a kalonnen l' wòch
jouk li mouri, paske li te vle fè nou vire do bay Seyè a,
Bondye nou an, li menm ki te fè nou soti kite peyi Lejip
kote nou te nan esklavaj la. 11 Lè sa a, tout moun pèp
Izrayèl yo va konn sa, y'a pè. Konsa, yo yonn p'ap janm
fè yon bagay mal konsa ankò nan mitan pèp la. 12 Si nou
vin tande y'ap di nan yonn nan lavil Seyè a ban nou pou
nou rete yo, 13 gen kèk moun, kèk vòryen, moun menm
ras ak nou ki te pran tèt moun k'ap viv nan lavil sa a pou
fè yo al sèvi lòt bondye nou pa janm konnen, 14 se pou
nou chache konnen bagay la byen. N'a mennen ti ankèt
nou, n'a poze keksyon adwat agoch. Si bri y'ap fè kouri a
vre, si nou jwenn prèv yon bagay mal konsa te fèt vre,
15 se pou nou pran nepe nou, se pou nou touye dènye
moun ki nan lavil sa a ansanm ak tout bèt yo. Se pou nou
detwi lavil la nèt nan dife pou Bondye ansanm ak tou sa ki
ladan l'. 16 N'a ranmase tou sa moun yo te genyen nan
lavil la, n'a anpile yo sou plas piblik la. N'a mete dife nan
lavil la ak tou sa ki ladan l' pou yo sèvi yon ofrann pou
Seyè a, Bondye nou an. Se pou lavil la toujou rete yon pil
mazi pou li pa janm rebati ankò. 17 Piga nou kenbe pou
nou anyen nan bagay nou fèt pou boule pou Seyè a. Se
konsa Seyè a va sispann fache sou nou, l'a gen pitye pou
nou. Wi, l'a fè pa nou. L'a fè nou peple jan li te pwomèt sa
bay zansèt nou yo. 18 Men, se pou nou toujou koute sa
Seyè a, Bondye nou an, ap di nou. Se pou nou toujou
kenbe tout lòd m'ap ban nou jòdi a. Se pou nou toujou fè
sa ki dwat devan Seyè a, Bondye nou an.

14 Seyè a, Bondye nou an, konsidere nou tankou pwòp
pitit li. Lè nou gen moun mouri, piga nou kòche kò
nou ak kouto, ni piga nou kale devan tèt nou. 2 Paske se
yon pèp k'ap viv apa pou Seyè a, Bondye nou an nou ye.
Se nou menm Seyè a te chwazi nan mitan tout pèp sou
latè pou nou te tounen yon pèp ki rele l' pa li. 3 Piga nou
manje anyen Seyè a deklare nou pa gen dwa manje. 4
Men bèt nou gen dwa manje: se bèf, se ti mouton, se ti
kabrit, 5 se sèf, se kabrit mawon, se den, se boukten, se
antilòp, se bèf mawon, se mouflon. 6 Nou gen dwa manje
vyann tout bèt ki gen zago fann an de depi yo remoute
manje tou. 7 Men, nan bèt ki remoute manje yo, piga
nou manje vyann bèt tankou chamo, lapen ak daman ki
pa gen zago yo fann an de. Bèt konsa pa bon pou nou
manje. 8 Konsa tou, piga nou manje vyann kochon, paske
atout li gen zago li yo fann an de, li pa remoute manje. Se
yon bèt ki pa bon pou nou menm k'ap sèvi Bondye pou
nou manje. Piga nou janm manje vyann yo ni piga nou
janm manyen kadav yo. 9 Nou gen dwa manje tout bèt
lanmè depi yo gen zèl najwa pou naje ak kal sou kò yo.
10 Men, piga nou manje ni sa ki pa gen zèl najwa, ni sa ki
pa gen kal sou kò yo. Bèt konsa pa bon pou nou menm
k'ap sèvi Bondye pou nou manje. 11 Se pa tout zwazo
moun k'ap sèvi Bondye gen dwa manje. 12 Men zwazo
nou pa gen dwa manje: se lèg, lòfre, malfini lanmè, 13
milan, otou, votou ak lòt bèt menm fanmi ak yo ki manje
kadav, 14 tout kalite kaou, 15 otrich, janmichèt, poul dlo,
malfini ak lòt bèt menm fanmi ak yo ki manje vyann vivan,
16 koukou, frize, gwo kanna mawon blan, 17 grangozye,
plonjon, chwèt, 18 sigòy, krabye ak tout lòt bèt menm
fanmi ak yo, sèpantye ak tchotcho. 19 Tout ti bèt ak zèl pa
bon pou nou menm k'ap sèvi Bondye. Piga nou manje yo.
20 Men, nou gen dwa manje zwazo ki bon pou moun k'ap
sèvi Bondye. 21 Piga nou janm manje ankenn bèt nou
jwenn tou mouri, paske nou menm se yon pèp k'ap viv
apa pou Seyè a, Bondye nou an, nou ye. Men, nou ka
pran vyann lan pou nou bay osinon pou nou vann moun
lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou ou ankò ki depasaj
lakay nou. Piga nou janm kwit yon jenn ti kabrit nan lèt
manman l'. 22 Chak lanne, n'a pran ladim rekòt nou, yon
dizyèm nan tou sa jaden nou yo donnen, n'a mete l' apa.
23 Apre sa, nou va ale kote Seyè a te chwazi pou fè sèvis
pou li a. Epi la, devan Seyè a, n'a manje ladim farin nou,
ladim diven nou ak ladim lwil oliv nou ansanm ak premye
pitit bèf, premye pitit mouton ak premye pitit kabrit nou yo.
Se konsa n'a aprann pou nou toujou gen krentif pou Seyè
a. 24 Men, si kote Seyè a chwazi pou fè sèvis pou li a twò
lwen lakay nou, kifè vwayaj la ap twòp pou nou, nou pa
ka pote ladim rekòt Bondye ban nou pou benediksyon an,
25 lè sa a, n'a vann ladim lan, n'a kenbe lajan lavant lan
nan men nou epi n'a ale kote Seyè a te chwazi pou fè
sèvis pou li a. 26 Lè n'a rive, n'a achte ak lajan an sa nou
pi pito: bèf, mouton, kabrit, diven, likè, wi tou sa nou pi
renmen. Epi la, devan Seyè a, Bondye nou an n'a manje
yo, n'a fè fèt ansanm ak tout moun lakay nou. 27 Pa bliye
moun Levi k'ap viv nan lavil nou yo paske yo menm yo pa
gen anyen ki rele yo pa yo. 28 Chak twazan, n'a pran
ladim tout rekòt n'a fè nan lanne a, n'a mete yo nan pòtay
lavil nou yo. 29 Moun Lèvi yo ki pa gen anyen ki rele yo
pa yo va vini, y'a pran sa yo bezwen. Konsa tou, moun lòt
nasyon yo, timoun ki pèdi papa yo, fanm vèv yo va vini,

y'a pran sa yo bezwen. Se konsa, Seyè a, Bondye nou
an, va beni nou nan tou sa n'ap fè.

15 Chak sètan n'a annile dèt tout moun ki dwe nou,
n'a kite lajan an pou yo. **2** Men ki jan n'a fè l': Tout
moun ki te prete yon moun pèp Izrayèl parèy li lajan va
kite lajan an pou li. Depi lè a rive pou yo annile tout dèt
pou Seyè a, li p'ap ka egzije pou lòt la renmèt li lajan
an ankò. **3** N'a gen dwa egzije pou moun lòt nasyon yo
peye nou sa yo dwe nou. Men, nenpòt kisa yon moun pèp
Izrayèl parèy nou dwe nou, n'a kite l' pou li. **4** Konsa, p'ap
gen moun pòv nan mitan nou, paske Seyè a, Bondye nou
an, va beni nou nan peyi l'ap ban nou pou byen eritaj
nou an, nan peyi nou pral pran pou nou an. **5** Men, se
pou nou toujou obeyi Seyè a, se pou nou swiv pwen pa
pwen tout kòmandman m'ap ban nou jòdi a. **6** Wi, Seyè a,
Bondye nou an, va beni nou, jan li te pwomèt nou an,
konsa n'a gen lajan pou prete anpil lòt nasyon. Men, nou
menm nou p'ap janm bezwen prete nan men pesonn.
N'a donminen sou anpil lòt pèp. Men, yo yonn p'ap gen
pye sou kou nou. **7** Si ta gen yon pòv nan mitan moun
pèp Izrayèl parèy nou yo k'ap viv nan yonn nan lavil nan
peyi Seyè a te ban nou an, pa fèmen kè nou, pa refize
lonje men bay frè nou ki nan nesesite. **8** Okontrè, se pou
nou lonje men ba li, n'a prete l' lajan pou l' achte tou sa li
bezwen. **9** Pa kite ankenn move lide pase nan tèt nou
pou nou ta di: Nou toupre setyèm lanne a, lanne pou nou
annile dèt tout moun ki dwe nou, epi pou nou fè move jan
ak frè parèy nou ki nan nesesite, pou nou derefize prete l'
anyen. Paske lè sa a, l'a rele Seyè a, l'a pale l' pou nou,
epi n'a gen tò. **10** Non. Se pou nou prete l' epi lè n'ap
prete l', se pou ou fè l' ak tout kè ou. Konsa, poutèt sa,
Seyè a, Bondye nou an, va beni nou nan tout travay nou,
nan tou sa n'ap fè. **11** Va toujou gen kèk moun nan pèp
Izrayèl la k'ap nan nesesite. Se poutèt sa mwen mande
nou pou nou aprann louvri men nou bay frè parèy nou ki
pòv osinon ki nan nesesite nan peyi nou an. **12** Si yon
moun menm ras ak nou, kit se gason, kit se fanm, vin
vann tèt li ban nou pou li sèvi nou esklav, li va sèvi nou
sizan. Lè setyèm lanne a va rive, se pou nou kite l' al fè
wout li. **13** Lè n'ap ranvwaye l' la, pa kite l' ale san nou pa
ba li anyen. **14** Men, n'a fè l' kado nan bèt nou yo, nan
rekòt jaden nou, nan diven nou ak lwil nou, ki vle di n'a
separe avè l' byen Seyè a, Bondye nou an, te ban nou
pou benediksyon. **15** Pa bliye se esklav nou te ye tou
nan peyi Lejip la, epi se Seyè a, Bondye nou an, ki te
delivre nou. Se poutèt sa mwen ban nou lòd sa a jòdi a.
16 Men, si yon esklav konsa di nou li p'ap kite nou, paske
li renmen nou ansanm ak tout moun lakay nou, paske nou
aji byen avè l', **17** lè sa a, n'a pran yon bagay pwenti, n'a
fè l' pwoche bò pòt devan lakay nou, n'a pèse zòrèy li.
Konsa, l'a rete ap sèvi nou pou tout tan jouk li mouri. N'a
fè menm bagay la tou pou fanm ki esklav lakay nou. **18**
Piga nou janm wè sa twò rèd pou nou voye yon esklav
tounen lakay li, paske li te sèvi nou pandan sizan pou
mwatye pri nou ta peye yon moun k'ap travay pou lajan
lakay nou. Se konsa, Seyè a, Bondye nou an, va beni nou
nan tou sa n'ap fè. **19** Tout premye pitit mal fenmèl bèf
nou osinon fenmèl mouton nou va fè, n'a mete yo apa
pou Bondye, Seyè a. Piga nou janm fè premye ti towo
fenmèl bèf nou fè a travay pou nou. Ni nou pa dwe janm
taye lenn ki sou premye ti belye mouton fenmèl mouton
nou yo fè a. **20** Chak lanne, nou menm ak tout fanmi nou,
n'a manje yo devan Seyè a, kote Seyè a, Bondye nou
an, te chwazi a. **21** Men, si l'ap bwete, osinon si li pèdi
yon je, oswa si li gen nenpòt lòt enfimite ki konsekan, se
pa pou nou touye l' pou Seyè a, Bondye nou an. **22** N'a
manje l' lakay nou, tout moun va manje ladan l', kit yo nan
kondisyon pou sèvi Bondye, kit yo pa nan kondisyon pou
fè l', menm jan yo konn manje vyann gazèl ak vyann towo
bèf. **23** Tansèlman, piga nou manje san l'. Se pou nou
vide tout san an atè tankou dlo.

16 Lè mwa Abib la va rive, se pou nou fete fèt delivrans
lan pou Seyè a, Bondye nou an, paske se yon jou
lannwit konsa, nan mwa Abib la, Seyè a, Bondye nou an,
te fè nou soti kite peyi Lejip la. **2** Pou fèt delivrans lan,
n'a ofri bèf, kabrit ak mouton pou yo touye pou Seyè a,
Bondye nou an, kote li te chwazi pou yo adore l' la. **3** Lè
n'ap manje vyann bèt nou touye pou mwen an, nou pa
pou manje pen fèt ak ledven avè l'. Pandan sèt jou, n'a
manje pen fèt san ledven, pen malere, paske se prese
prese nou te soti kite peyi Lejip la. Konsa, n'a toujou
chonje tout tray nou te pase jou nou t'ap soti kite peyi
Lejip la. **4** Pandan sèt jou sa yo, pesonn nan peyi nou an
pa gen dwa gen ledven lakay li. Epi nan vyann nou te ofri
pou mwen nan aswè premye jou a, pa kite anyen pase
nwit pou denmen maten. **5** Nou p'ap gen dwa touye bèt
nou ofri pou delivrans lan nan ankenn lavil Seyè a va
ban nou pou nou rete. **6** Se va sèlman kote Seyè a te
chwazi pou fè sèvis pou li a n'a touye bèt delivrans lan
nan aswè apre solèy fin kouche, paske se yon lè konsa
nou te soti kite peyi Lejip. **7** N'a kwit vyann bèt nou te ofri
a epi n'a manje l' kote Seyè a te chwazi a. Apre sa, nan
maten, n'a vire do nou, n'a tounen lakay nou. **8** Pandan
sis jou, n'a manje pen fèt san ledven. Sou setyèm jou a,
n'a reyini tout moun pou fè gwo sèvis pou Seyè a, Bondye
nou an. Jou sa a, nou p'ap fè ankenn travay. **9** N'a konte
sèt senmenn apre premye jou nou konmanse ranmase
rekòt grenn nan jaden nou yo. **10** Apre sa, n'a fete Fèt
Senmenn yo pou di Seyè a, Bondye nou an, mèsi. N'a
pote ba li ofrann n'a vle dapre sa Seyè a va ban nou nan
favè li. **11** N'a fè fèt devan Seyè a, Bondye nou an, kote li
te chwazi pou fè sèvis pou li a, nou menm, pitit gason ak
pitit fi nou yo, domestik nou yo, fanm kou gason, ansanm
ak moun Levi yo ak moun lòt nasyon yo, timoun ki san
papa ak fanm vèv k'ap viv ansanm ak nou nan lavil kote
nou rete a. **12** N'a toujou chonje nou menm tou yon lè nou
te esklav nan peyi Lejip. Se poutèt sa n'a toujou obeyi
tout lwa sa yo. **13** Lè n'a fin moulen grenn jaden nou yo,
lè n'a fin kraze rezen nou yo, n'a fè fèt Joupa yo pandan

sèt jou. 14 N'a pran kont plezi nou, nou menm, pitit gason
ak pitit fi nou yo, ansanm ak moun Levi yo ak moun lòt
nasyon yo, timoun ki san papa ak fanm vèv ki rete nan
lavil kote nou ye a. 15 Pandan sèt jou, n'a fè fèt pou Seyè
a, Bondye nou an, kote li menm li te chwazi a, paske
Seyè a, Bondye nou an, te beni nou nan tout rekòt nou
yo, ak nan tout travay nou yo pou nou te ka kontan nèt
ale. 16 Twa fwa chak lanne, pou fèt Delivrans lan, pou
fèt Premye Rekòt la ak pou fèt Joupa yo, chak gason
nan peyi a va vin adore Seyè a, Bondye nou an, kote
Seyè a te chwazi pou fè sèvis pou li a. Yo p'ap gen dwa
vini de men vid. 17 Men, yo chak va bay kichòy, dapre
benediksyon Seyè a, Bondye nou an, va ba yo. 18 N'a
mete jij ak majistra nan chak lavil Seyè a, Bondye nou an,
va ban nou pou dirije tout branch fanmi nou yo. Y'a fè
travay yo san patipri. 19 Piga yo fè ankenn lenjistis. Piga
yo gade sou figi moun pou jije yo. Piga yo pran lajan anba
nan men pesonn paske lajan konsa ka anpeche menm
moun ki gen konprann wè klè, li ka fè nou kondannen
moun inonsan. 20 Pa janm kite anyen anpeche nou rann
jistis jan nou dwe fè l' la. Konsa, n'a kapab viv, n'a kapab
pran peyi Seyè a, Bondye nou an, ap ban nou an pou
nou. 21 Piga nou janm plante ankenn poto Achera ni
ankenn pyebwa repozwa pou sèvi nou zidòl bò kote lòtèl
n'ap bati pou Seyè a, Bondye nou an. 22 Piga nou janm
mete wòch kanpe pou fè sèvis zidòl. Seyè a pa vle wè
bagay konsa menm.

17 Piga nou janm pran yon bèf, osinon yon kabrit oswa
yon mouton ki gen yon enfimite, osinon ki donmaje
pou nou ofri bay Seyè a, Bondye nou an, paske Seyè a,
Bondye nou an, pa vle wè bagay konsa menm. 2 Si ta
gen nan mitan nou, nan yonn nan lavil Seyè a, Bondye
nou an, te ban nou yo, yon nonm osinon yon fanm ki ta fè
yon bagay ki pa fè Seyè a, Bondye nou an, plezi, si li ta
rive pa kenbe kontra li pase ak Bondye a, 3 pou l' al fè
bagay Seyè a pa janm mande nou fè, pou l' al sèvi lòt
bondye, tankou solèy, lalin osinon kèk lòt zetwal nan bann
zetwal ki nan syèl la, 4 epi sa rive tonbe nan zòrèy nou, lè
n'a vin konn sa, n'a chache konnen byen sa ki te pase. Si
sa te fèt vre, si yo ka rive ban nou prèv se yon moun nan
pèp Izrayèl la menm ki te fè move bagay sa a, 5 lè sa a,
n'a fè yo pran moun ki te fè move bagay sa a, fanm ou
gason, y'a mennen l' lòt bò pòtay lavil la, y'a kalonnen l'
wòch jouk li mouri. 6 Anvan nou kondannen yon moun
amò, fòk gen de osinon twa moun ki pou kanpe pou fè
depozisyon kont li. Si se yon sèl moun ki fè depozisyon
kont li, yo pa ka kondannen moun lan amò. 7 Lèfini, se
temwen sa yo menm ki va bay moun yo kondannen an
premye kout wòch yo. Apre sa, rès pèp la va kalonnen l'
wòch jouk li mouri. Se konsa n'a wete bagay mal sa a ki
t'ap fèt nan mitan pèp la. 8 Si yo ta mennen ban nou yon
ka ki twò difisil pou nou jije, tankou ka yon moun ki touye
yon lòt, osinon ka moun k'ap diskite pou defann dwa yo
ak enterè yo, ou ankò lè yon moun resevwa yon move
kou nan kò l', ou nenpòt lòt ka ki ta prezante devan nou
nan lavil kote nou rete a epi ki twò difisil pou nou jije l' nou
menm, n'a leve, n'a moute kote Seyè a, Bondye nou an,
te chwazi pou yo fè sèvis pou li a, 9 n' aval jwenn prèt yo,
moun Lèvi yo, ak jij ki de sèvis lè sa a, n'a espoze ka a ba
yo. Yo menm y'a di nou ki jan pou nou rann jijman an. 10
Lè sa a, nou menm poutèt pa nou, n'a fè tou sa moun ki
rete kote Bondye te mete apa pou fè sèvis pou li a te di
nou. N'a pran tout kalite prekosyon pou nou fè tou sa yo
te moutre nou an. 11 Se pou nou rann jijman an dapre
regleman yo te moutre nou an, dapre jan yo menm yo te
jije bagay la, san nou pa chanje anyen nan sa yo te di
nou an. 12 Men, si yon moun ap fè grandizè, epi li pa
koute ni prèt ki la pou sèvis Bondye a, ni jij la, se pou yo
touye l'. Se konsa n'a wete bagay mal sa a ki t'ap fèt nan
mitan pèp la. 13 Konsa tou, lè tout pèp la va konn sa, y'a
pè, yo p'ap pran pòz grandizè yo ankò. 14 Lè n'a fin antre
nan peyi Seyè a, Bondye nou an, va ban nou an, lè n'a
fin pran tout peyi a pou nou rete ladann l', si lide ta vin
nan tèt nou pou nou di: Nou ta renmen gen yon wa pou
gouvènen nou tankou tout lòt nasyon k'ap viv nan peyi ki
sou fwontyè nou yo, 15 se yon moun menm ras ak nou
Seyè a, Bondye nou an, va chwazi pou li mete wa sou
nou. Nou pa gen dwa pran yon moun lòt nasyon ki pa
menm ras avèk nou pou nou mete l' wa sou nou. 16 Men,
wa sa a pa bezwen gen kantite chwal pou lame li, ni li pa
bezwen voye moun nan peyi Lejip al achte chwal pou
kavalye l' yo, paske Seyè a te di nou: Piga nou janm pran
chemen tounen nan peyi sa a ankò. 17 Wa a pa fèt pou l'
gen anpil madanm, paske sa ka fè l' pèdi tèt li. Li pa fèt
pou l' gen twòp ajan ak twòp lò pou tèt pa l'. 18 Lè wa a
va pran pouvwa a, l'a mande pou yo kopye tout lalwa
Bondye a nan yon liv pou sèvis pa li, dapre orijinal ki nan
men prèt fanmi Levi yo. 19 Se pou li toujou gen liv la avèk
li, se pou li li l' chak jou jouk li mouri, pou l' ka aprann gen
krentif pou Seyè a, Bondye li a, pou l' ka swiv tout prensip
ki nan lalwa a, pou l' ka fè tou sa yo mande l' fè ladan l'.
20 Konsa, li p'ap ka mete nan tèt li li plis pase rès pèp la, li
p'ap janm dezobeyi ankenn lòd nan sa Seyè a te bay la.
Se konsa, ni li ni pitit li yo y'a rete chèf lontan nan mitan
pèp Izrayèl la.

18 Prèt yo, fanmi Levi yo, ki vle di tout gason ki nan
branch fanmi Levi a, p'ap gen anyen ki rele yo pa yo
nan byen eritaj moun pèp Izrayèl yo. Y'a viv ak manje pèp
la va ofri bay Seyè a ak tou sa pèp la va mete apa pou
Seyè a. 2 Moun fanmi Levi yo p'ap gen anyen nan byen
ki pou tout moun pèp Izrayèl yo. Se Seyè a ki pòsyon pa
yo jan li te di yo sa. 3 Lè yon moun nan pèp la vin ofri yon
bèf osinon yon kabrit, oswa yon mouton pou yo touye
pou Seyè a, men pòsyon ki va rete pou prèt fanmi Levi
a. Men pòsyon y'a ba li: jigo a, machwè yo ak gradoub
la. 4 N'a ba li tou premye grenn n'a rekòlte nan jaden
ble nou yo, premye diven ak premye lwil n'a fè, ansanm
ak premye lenn mouton n'a wete sou mouton nou yo. 5
Paske se yo menm ak pitit gason yo Seyè a te chwazi

nan mitan tout moun pèp Izrayèl yo pou sèvi l' prèt pou
tout tan. 6 Lè yon moun fanmi Levi ki rete nan yonn nan
lavil nou yo, nenpòt kote nan peyi Izrayèl la, santi li ta
renmen ale kote Seyè a te chwazi pou yo fè sèvis pou
li a, 7 lè li rive, si li fè travay yon prèt nan non Seyè a,
Bondye li a, tankou tout lòt frè moun fanmi Levi parèy li yo
ki te toujou la ap sèvi devan Seyè a, 8 l'a resevwa menm
kantite manje ak lòt yo, san yo pa bezwen konsidere sa li
resevwa deja nan byen papa l'. 9 Lè n'a fin antre nan
peyi Seyè a, Bondye nou an, va ban nou an, pa lage kò
nou nan fè menm vye bagay moun lòt nasyon yo ap fè.
10 Piga pesonn nan nou pran pitit gason osinon pitit fi
li pou li boule nan dife pou zidòl. Piga gen pesonn nan
mitan nou k'ap fè divinò, k'ap etidye zetwal nan syèl la
pou konnen sa ki gen pou rive, k'ap pran pwen, k'ap fè
maji. 11 Piga gen nan mitan nou moun k'ap sèvi ak cham,
moun ki pral nan tab tounant, k'ap vizite moun ki konn
tire kat, ak moun k'ap rele mò pou pale ak yo. 12 Paske
Seyè a pa vle wè moun k'ap fè bagay sa yo. Epitou, se
paske moun lòt nasyon yo t'ap fè tout vye bagay sa yo
kifè Seyè a, Bondye nou an, te mete yo deyò pou nou ka
pran plas yo. 13 Piga nou janm fè sa Seyè a, Bondye
nou an, pa vle nou fè. 14 Bann nasyon nou pral mete
deyò nan peyi a, se moun ki te renmen koute sa divinò ak
moun k'ap etidye zetwal yo ap di yo. Men nou menm,
Seyè a, Bondye nou an, pa penmèt nou fè bagay konsa.
15 Moyiz di pèp la konsa: -Seyè a, Bondye nou an, gen
pou l' voye yon pwofèt ban nou tankou l' te voye m' lan.
Se va yonn nan nou, yon moun pèp Izrayèl parèy nou. Se
pou nou koute tou sa l'a di nou. 16 Se sa menm nou te
mande Seyè a, Bondye nou an, lè nou tout te reyini sou
mòn Orèb la. Nou t'ap di nou pa vle tande vwa Seyè a,
Bondye nou an, ni nou pa ta renmen wè gwo flanm dife
sa a ankò pou nou pa mouri. 17 Lè sa a, Seyè a di mwen
konsa: Sa yo di a, se vre wi. 18 M'a chwazi yonn nan yo
pou pwofèt, m'a voye l' ba yo tankou mwen te voye ou la.
M'a mete pawòl mwen nan bouch li. Epi l'a di pèp la tou
sa m'a ba li lòd di yo. 19 Si yon moun pa koute sa pwofèt
la ap di yo nan non mwen, se avè m' menm l'ap an afè.
Se mwen menm menm la gen pou l' rann kont. 20 Konsa
tou, si yon pwofèt ta penmèt li louvri bouch li pou l' pale
nan non mwen pou l' di sa mwen pa di l' di, oswa pou l' ta
pale nan non lòt bondye, se pou yo touye l' pou sa l' fè a.
21 Koulye a nou dwe ap di nan kè nou: Ki jan pou nou fè
konnen si sa pwofèt la ap di a se pa pawòl ki soti nan
Bondye? 22 Enben, si pwofèt la di l'ap pale nan non Seyè
a, epi sa li di a pa rive vre, lè sa a, n'a konnen Seyè a pa
t' janm di l' di pawòl konsa. Se lògèy ki te pouse pwofèt la
di sa l' di a. Nou pa bezwen pè l'.

19 Moyiz di yo ankò: -Lè Seyè a, Bondye nou an, va
fin detwi nasyon sa yo pou l' ban nou peyi ki te pou
yo a, lè n'a fin pran tout peyi a nan men yo pou nou rete
nan lavil yo ak nan lakay yo, 2 n'a chwazi twa lavil nan
peyi Seyè a, Bondye nou an, te ban nou pou nou rete
a, n'a mete yo apa. 3 N'a kenbe wout ki mennen nan
lavil sa yo an bon eta. N'a divize teritwa Seyè a, Bondye
nou an, te ban nou pou nou rete a an twa zòn ak yon
lavil nan chak zòn. Konsa, nenpòt moun ki ta rive touye
yon lòt ka kouri al kache nan yonn nan lavil sa yo pou
sove lavi l'. 4 Men nan ki sikonstans yon moun ka kouri al
kache nan yonn nan lavil sa yo pou sove lavi l': Se lè
yon moun touye yon frè parèy li san li pa fè espre, san li
pa janm gen anyen avè l'. 5 Konsa, si de moun al nan
bwa ansanm pou koupe bwa epi yonn ladan yo fè sa li
leve rach li pou l' koupe yon bwa epi rach la chape soti
nan manch lan, l' al frape zanmi l' lan, li touye l' frèt, yon
nonm konsa gen dwa kouri al kache nan yonn nan lavil sa
yo pou l' ka sove lavi l'. 6 Si te gen yon sèl lavil konsa,
distans la ta ka twò long. Lè sa a, moun ki reskonsab pou
tire revanj moun yo touye a, si l'ap kouri dèyè moun ki te
fè krim lan, li ta ka rapouswiv li. Nan kè cho li, li ta ka ba l'
yon kou, li touye l'. Lè sa a, li ta touye yon inonsan, paske
nonm lan pa t' fè espre, li pa t' janm gen anyen nan kè l'
kont moun li touye a. 7 Se poutèt sa mwen mande nou
pou nou mete twa lavil konsa apa espre pou sa. 8 Konsa
tou, lè Seyè a, Bondye nou an, va fè peyi nou an vin pi
gran jan li te pwomèt zansèt nou yo, lè l'a ban nou tout
peyi li te pwomèt l'ap bay zansèt nou yo, 9 n'a chwazi twa
lòt lavil, n'a mete sou sa nou genyen deja yo. Men, pa
bliye, l'ap ban nou peyi a, se pou nou toujou swiv tout lòd
m'ap ban nou jòdi a, se pou nou toujou renmen Seyè a
Bondye nou an, pou nou swiv chemen li mete devan nou
an. 10 Se konsa, nou p'ap kite yo touye moun ki inonsan
nan peyi Seyè a, Bondye nou an, te ban nou pou rele nou
pa nou. Si nou kite sa rive, n'a peye pou sa nou fè a. 11
Men, si yon moun rayi yon lòt, epi li pran veye l' jouk li
tonbe sou li, li ba l' kou jouk li touye l', epi apre sa, li kouri
al kache nan yonn nan lavil sa yo, 12 lè sa a, chèf fanmi
ki reskonsab lavil kote li rete a va voye chache l' epi y'a
lage l' nan men fanmi pre moun ki mouri a pou yo touye
l'. 13 N'a san pitye pou li, n'a wete moun k'ap mache
touye inonsan nan peyi Izrayèl la. Se konsa tout bagay va
mache byen pou nou. 14 Nan peyi Seyè a, Bondye nou
an, pral ban nou pou nou rete a, pa janm deplase bòn tè
moun pèp Izrayèl parèy nou. Kite yo kote zansèt nou yo
te plante yo a. 15 Depozisyon yon sèl temwen pa kont
pou moutre si yon moun fè yon krim, osinon yon bagay
mal tout bon nan nenpòt akizasyon yo ta ka fè sou do li.
Fòk gen de osinon twa temwen ki pou fè depozisyon kont
li pou akizasyon an ka kenbe. 16 Lè yon fo temwen kanpe
pou l' akize yon moun pou yon krim li pa fè, 17 de moun
ki nan pwose yo va prezante ansanm devan lòtèl Seyè a,
devan prèt yo ak jij yo ki desèvis lè sa a. 18 Jij yo va
egzaminen ka a. Y'a mennen yon bon ankèt jan yo dwe fè
l' la. Si yo jwenn se manti temwen an ap bay, se akize
l'ap akize yon moun pèp Izrayèl parèy li pou yon bagay li
pa janm fè, 19 n'a fè l' sibi chatiman li te vle pou moun
li akize a. Se konsa n'a wete mechanste sa a ki te nan
mitan nou. 20 Lè lòt moun yo va konn sa, y'a pè, yo p'ap
rekonmanse fè move bagay konsa ankò nan mitan nou.

21 Se pou nou san pitye pou moun konsa. Se pou nou fè
yo peye lavi pou lavi, yon je pou yon je, yon dan pou yon
dan, yon men pou yon men, yon pye pou yon pye.

20 Lè nou soti pou n' al goumen kont lènmi nou yo, epi
nou wè yo gen plis chwal, plis cha lagè ak plis moun
pase nou, nou pa bezwen pè, paske Seyè a, Bondye
nou an, li menm ki te fè nou moute soti nan peyi Lejip
la, l'ap kanpe la avèk nou. 2 Lè lè batay la rive, prèt la
va vanse, l'a pale ak sòlda yo. 3 L'a di yo: -Koute byen,
moun Izrayèl yo: Jòdi a nou pral goumen kont lènmi nou
yo. Kè nou pa bezwen sote. Nou pa bezwen pè, nou pa
bezwen tranble, ni nou pa bezwen kouri pou yo. 4 Seyè a,
Bondye nou an, ap mache avèk nou. L'a goumen pou nou
kont lènmi nou yo pou l' fè nou genyen batay la. 5 Apre
sa, chèf yo va pale ak sòlda yo. Y'a di yo: -Eske gen yon
moun la a ki fèk fin bati yon kay, men ki poko fè sèvis pou
mete kay la apa pou Bondye? Si gen yon moun konsa,
pito l' al fè wout li lakay li, paske li ka mouri nan goumen
an, epi se yon lòt moun ki va fè sèvis pou mete kay la apa
pou Bondye. 6 Eske gen yon moun la a ki fèk plante yon
jaden rezen epi ki poko gen chans fè yon rekòt rezen
menm? Si gen yon moun konsa, pito l' al fè wout li lakay
li, paske li ka mouri nan batay la, epi se va yon lòt moun
ki va jwi jaden rezen l' lan. 7 Eske gen yon moun isit la ki
fiyanse pou l' marye? Si gen yon moun konsa, pito l' al fè
wout li lakay li, paske li ka mouri nan lagè a epi se yon lòt
moun ki va marye ak fiyanse l' la. 8 Apre sa, chèf yo va di
sòlda yo ankò: -Eske gen yon moun la a ki pè, ki santi li
pa gen kouraj pou l' al goumen? Si gen yon moun konsa,
pito l' al fè wout li lakay li, paske li ka kraze kouraj lòt yo
tou. 9 Lè chèf yo va fin pale konsa ak sòlda yo, y'a chwazi
yon kaptenn pou chak divizyon pou mache alatèt lame a.
10 Lè n'ap pwoche bò yon lavil pou n' atake l', premye
bagay n'a fè, n'a mande l' pou l' fè lapè ak nou. 11 Si yo
dakò, si yo louvri pòtay lavil la ban nou, tout moun nan
lavil la va travay fè kòve pou nou, y'a tounen esklav nou.
12 Men, si yo refize fè lapè ak nou epi yo mande goumen,
n'a sènen lavil la toupatou epi n'a atake l'. 13 Seyè a,
Bondye nou an, va lage l' nan men nou. Epi n'a touye
dènye gason ki nan lavil la. 14 Men, n'a pran tout fanm
yo, tout pitit yo, tout bèt yo ak tou sa ki nan lavil la, ak tout
byen lènmi yo va kite pou nou. N'a manje tou sa n'a pran
nan men lènmi nou yo paske se Seyè a menm ki ban nou
yo. 15 Se konsa n'a fè sa pou tout lavil ki byen lwen nou,
andeyò limit peyi Seyè a ban nou pou nou rete a. 16 Men,
lè nou pran yon lavil ki nan limit peyi Seyè a ap ban nou
pou nou rete a, se pou nou touye tou sa ki vivan ladan l'.
17 Se pou nou touye tout moun sa yo: moun Et yo, moun
Amori yo, moun Kanaran yo, moun Ferèz yo, moun Ivi yo,
moun Jebis vo. Se pou nou ofri yo bay Seyè a, Bondye
nou an, jan li te ban nou lòd la. 18 Se pou nou disparèt yo
pou yo pa fè nou tonbe nan peche kont Seyè a, Bondye
nou an, pou yo pa moutre nou fè tout vye bagay lèd y'ap
fè pou bondye pa yo. 19 Si lè n'ap atake yon lavil nou wè
nou blije sènen l' pandan lontan anvan pou nou ka pran l',
piga nou koupe ankenn pyebwa ki bay fwi, paske nou ka
bezwen fwi yo pou nou manje. Pa koupe pyebwa yo. Se
pyebwa ase yo ye, se pa moun yo ye. Ou pa ka aji avèk
yo tankou moun ki nan lavil ou sènen an. 20 Men, nou
gen dwa debranche pyebwa ki pa bay fwi, nou ka koupe
yo, nou ka sèvi ak yo pou fè zouti pou atake lavil la jouk
lavil la va tonbe nan men nou.

21 Si nan peyi Seyè a, Bondye nou an, te ban nou
pou n' rete a, nou rive jwenn kadav yon moun yo
sasinen nan yon jaden, san nou pa konnen ki moun ki fè
sa, 2 chèf fanmi yo ak jij yo va soti, y'a mezire distans ki
genyen ant kote yo jwenn kadav la ak lavil ki toupre yo. 3
Y'a wè lavil ki pi pre a. Le sa a, chèf fanmi ki reskonsab
lavil ki pi pre kote yo te jwenn kadav la va pran yon jenn
ti gazèl bèf ki poko janm sèvi pou fè ankenn travay. 4
Y'a mennen l' bò yon larivyè ki pa janm chèch, nan yon
pozisyon kote tè a pa janm travay ni sekle. Epi se la y'a
kase kou l'. 5 Apre sa, prèt yo, pitit Levi yo, va vini, paske
se yo menm Seyè a, Bondye nou an, te chwazi pou fè
sèvis pou li ak pou beni pèp la nan non li. Se yo menm ki
pou bay dènye mo a lè gen diskisyon, lè gen san deyò. 6
Apre sa, chèf fanmi ki reskonsab lavil ki pi pre kote yo te
jwenn kadav la va lave men yo ak dlo anwo gazèl yo te
touye a. 7 Y'a di: Se pa nou ki touye moun sa a, ni nou pa
wè ki moun ki fè krim sa a. 8 Seyè! Ou menm ki te delivre
moun Izrayèl yo anba moun peyi Lejip yo, padonnen pèp
ou a. Pa rann nou reskonsab lanmò yon inonsan yo touye.
Bondye va padonnen krim ki fèt la. 9 Se konsa, n'a fè sa
Seyè a te ban nou lòd fè a, yo p'ap rann nou reskonsab
lanmò inonsan yo touye a. 10 Lè n'ap fè lagè ak lènmi
nou yo epi Seyè a, Bondye nou an, fè nou genyen yo, li
fè nou fè anpil prizonye, 11 si yonn nan nou wè pami
prizonye yo yon bèl fanm, epi li tonbe damou pou li, l'a
gen dwa pran l' pou madanm li. 12 L'a mennen l' lakay li.
Fanm lan va koupe tout cheve nan tèt li, l'a koupe tout
zong dwèt ak tout zong pye l' yo, 13 l'a wete rad ki te sou
li lè yo te fè l' prizonye a. L'a rete anndan kay nonm lan
pandan yon mwa ap kriye pou papa l' ak manman l'. Apre
sa, nonm lan va pwoche bò kote l', l'a marye avè l', l'a
pran l' pou madanm li. 14 Si apre sa, rive yon lè nonm lan
pa renmen l' ankò, l'a kite l' al fè wout li. Li p'ap ka vann li
pou lajan, ni li pa ka aji avè l' tankou yon esklav, paske se
fòse li te fòse l' vin madanm li. 15 Sipoze yon nonm ki gen
de madanm, gen yonn li renmen plis pase lòt epi tou de
madanm yo fè pitit gason pou li. Men, premye pitit gason
l' lan twouve se pitit fanm li renmen mwens lan li ye. 16
Lè lè a va rive pou l' separe byen l' yo bay pitit li yo, li p'ap
ka fè patipri pou l' pran pitit gason fanm li pi renmen an
pou l' ba li pòsyon ki pou ale pou premye pitit gason an,
pòsyon ki pou pitit gason fanm li renmen mwens lan. 17
Wè pa wè, se pou l' respekte dwa premye pitit gason l'
lan, dwa pitit gason fanm li renmen mwens lan. L'a ba li
de fwa lavalè sa li gen pou l' bay chak lòt pitit li yo, paske
se li menm ki premye pitit gason li te fè lè li te jenn gason.

Se li ki gen tout dwa yon premye pitit gason genyen. 18 Si
yonn nan nou gen yon pitit gason ki radi, ki gen tèt di, ki
pa vle koute ni manman l' ni papa l' lè y'ap pale ak li, yo
te mèt bat li, sa antre nan yon zòrèy soti nan lòt la, 19
manman l' ak papa l' va kenbe l', y'a trennen l' devan chèf
fanmi yo, nan tribinal ki bò pòtay lavil kote yo rete a. 20
Epi y'a di yo: Men pitit gason nou an. Nou mennen l' ban
nou paske li radi, l'ap fè wondonmon, li pa vle koute lè
n'ap pale avè l'. L'ap gaspiye tout lajan nou nan bweson, li
nan tout kalite vis. 21 Lè sa a, tout gason ki rete nan lavil
la va kalonnen l' wòch jouk yo touye l'. Se konsa n'a wete
bagay mal sa a ki t'ap fèt nan mitan nou an. Tout moun
nan pèp Izrayèl la va konn sa, y'a mache sou piga yo. 22
Si yo kondannen yon moun pou yon krim li fè, epi lè yo fin
touye l', yo pann kadav la nan yon pyebwa, 23 pa janm
kite kadav la pase nwit sou pyebwa a. Se pou nou antere
l' menm jou a, paske yon kadav pann nan yon pyebwa se
bagay ki pa fè Bondye plezi. Se konsa nou p'ap kite yo fè
ankenn vye bagay ki pou fè Seyè a, Bondye nou an, vire
do ban nou nan peyi Seyè a pral ban nou pou nou rete a.

22 Lè nou jwenn bèf osinon kabrit yon moun pèp
Izrayèl parèy nou ki kase kòd, pa fè tankou nou pa
wè. Se pou nou pran l' mennen l' tounen ba li. 2 Men, si
mèt bèt la rete twò lwen, osinon si nou pa konnen pou ki
moun li ye, n'a pran l', n'a mennen l' lakay nou. N'a kenbe
l' lakay nou jouk mèt li va vin chache l'. Lè sa a n'a renmèt
li li. 3 N'a fè menm jan an tou pou bourik, rad osinon
nenpòt bagay yon moun pèp Izrayèl parèy nou ta rive pèdi
epi se nou ki ta jwenn li. Pa fè tankou nou pa wè sa. 4 Lè
nou wè bourik osinon bèf yon moun pèp Izrayèl parèy nou
kouche nan chemen, pa fè tankou nou pa wè sa. Se pou
nou ride l' fè l' kanpe ankò. 5 Fanm pa gen dwa mete rad
gason sou yo. Gason pa gen dwa mete rad fanm sou yo.
Seyè a, Bondye nou an, pa vle wè moun k'ap fè bagay
konsa. 6 Si sou chemen nou, nou jwenn yon nich zwazo,
swa sou yon pyebwa, swa atè avèk manman zwazo a
kouche sou pitit li yo, osinon sou ze l'ap kouve, piga nou
pran manman zwazo a sou nich la. 7 N'a kite manman
zwazo a vole ale, n'a pran ti zwazo yo sèlman. Se konsa
Bondye va fè tout zafè nou mache byen, l'a fè nou viv
lontan. 8 Lè n'ap bati yon kay nèf, n'a mete balistrad pou
moun pa sot tonbe sou teras twati a. Konsa yo p'ap ka
rann nou reskonsab si yon moun ta rive tonbe epi li mouri
lakay nou. 9 Pa janm plante ankenn lòt kalite grenn nan
jaden rezen nou. Si nou fè sa, nou p'ap ka sèvi ni avèk
rezen yo ni avèk rekòt lòt grenn nou te plante yo. 10 Piga
nou mete bèf ak bourik ansanm pou rale chari. 11 Piga
nou janm mete sou nou rad ki fèt ak divès kalite lenn ak
twal fin blan tise ansanm. 12 N'a mete yon ponpon nan
kat kwen rad nou mete sou nou. 13 Sipoze yon nonm
pran yon fanm pou madanm li, li kouche avè l', epi apre
sa, li vin pa renmen l' ankò. 14 Lè sa a, li ba l' tout kalite
defo ki genyen, li avili l' devan tout moun, li di: Fanm sa a
pa di m' anyen ankò, paske lè m' marye avè l', lè nou vin
ansanm, mwen te jwenn li pa t' tifi. 15 Enben, lè sa a,
papa ak manman jenn madanm lan va pran dra maryaj la
ki gen prèv madanm lan te tifi, y'a pote l' nan tribinal bò
pòtay lavil la, y'a moutre chèf fanmi lavil yo li. 16 Epi,
papa jenn ti madanm lan va di chèf fanmi yo: mwen te
bay nonm sa a pitit fi mwen pou madanm. Koulye a, li pa
renmen l' ankò, 17 li pretann di madanm lan plen defo,
l'ap di: O wi, mwen pa jwenn madanm lan tifi, men mwen
pote ban nou prèv li te tifi. Epi l'a louvri dra a devan tout
chèf fanmi lavil la. 18 Lè sa a chèf fanmi lavil yo va pran
mari a, y'a bat li byen bat. 19 Y'a fè l' peye yon amann,
y'a fè l' bay san pyès ajan, y'a renmèt bay papa jenn fanm
lan, paske li te pale yon jenn tifi moun Izrayèl yo mal.
Lèfini l'a blije rete ak fanm lan, li p'ap janm ka divòse avè
l', jouk li menm li mouri. 20 Men, si sa mari a te di a se te
vre, kifè yo pa t' kapab bay prèv madanm lan te tifi, 21 y'a
pran ti madanm lan, y'a mennen l' deyò devan lakay papa
l', epi tout gason ki rete nan lavil la va kalonnen l' wòch
jouk li mouri, paske li te fè yon wont nan peyi Izrayèl la, li
te lage kò l' nan dezòd antan li te lakay papa l'. Se konsa
n'a wete bagay mal k'ap fèt nan mitan nou. 22 Si nou
bare yon nonm ap kouche ak yon madan marye, yo tou
de fèt pou mouri, ni nèg ki te kouche ak fanm lan ni fanm
lan tou. Se konsa n'a wete bagay mal k'ap fèt nan mitan
nou. 23 Si yon jenn fi tifi fiyanse ak yon nonm epi yon lòt
nèg kontre avè l' nan yon lavil, li kouche avè l' epi moun
bare yo, n'a kalonnen yo wòch jouk yo mouri. Jenn fi a
va mouri paske se nan mitan yon lavil li ye, li ta ka rele
mande sekou. 24 Nèg la va mouri tou paske li te avili yon
fi ki te fiyanse ak yon moun pèp Izrayèl parèy li. Wi, se
konsa n'a wete bagay mal k'ap fèt nan mitan nou. 25
Men, si se andeyò lwen kay moun nèg la te kontre ak
jenn fi fiyanse a, epi li kenbe l', li kouche avè l', se nèg la
sèlman ki pou mouri. 26 Yo pa gen dwa fè jenn fi a anyen,
paske li pa fè anyen la a pou li ta merite lanmò. Se menm
jan si se te yon nonm ki atake yon lòt epi li touye l'. 27
Nèg la te kontre avè l' andeyò lwen kay. Jenn fi a te ka
rele, men pa t' gen pesonn pou pote l' sekou. 28 Si yon
nonm kontre ak yon jenn fi ki tifi lakay papa l', ki poko
fiyanse, epi li kenbe l', li fòse l' kouche avè l', si yo bare
yo, 29 nèg ki te kouche avèk fi a va gen pou l' bay papa fi
a senkant pyès ajan. Li va pran fi a pou madanm li, paske
li te fòse l' kouche avè l'. Li p'ap janm ka divòse avè l' jouk
li mouri. 30 Yon nonm pa gen dwa kouche ak madanm
papa l'. Li pa gen dwa avili papa l' konsa.

23 Lè yon nonm gen grenn li yo kraze, osinon pati li
koupe, li pa gen dwa parèt tèt li ankò nan reyinyon
pèp la ap fè pou fè sèvis pou Seyè a. 2 Konsa tou, yon
nonm ki gen san mele pa gen dwa parèt tèt li nan reyinyon
pèp la ap fè pou fè sèvis pou Seyè a, ni pitit li yo, ni pitit
pitit li yo, te mèt sou dis jenerasyon. 3 Moun Amon yo
ak moun Moab yo p'ap janm gen dwa parèt tèt yo nan
reyinyon n'ap fè pou fè sèvis pou Bondye, ni pitit yo, ni pitit
pitit yo, te mèt sou dis jenerasyon. 4 Paske le nou te sou
wout nou, apre nou te fin kite peyi Lejip la, yo pa t' ofri nou
manje ak dlo. Okontrè, yo te peye Balaram, pitit gason

Bejò a, pou l' te soti lavil Petò nan Mezopotami, vin ban
nou madichon. 5 Men, Seyè a, Bondye nou an, te refize
koute Balaram, epi li fè madichon an tounen benediksyon
pou nou, paske Seyè a, Bondye nou an, renmen nou. 6
Konsa, toutotan n'ap viv sou latè, piga nou janm fè anyen
ni pou ede yo ni pou fè yo plezi. 7 Pa meprize moun Edon
yo. Se moun menm ras avè nou yo ye. Pa meprize moun
peyi Lejip yo non plis, paske yon lè se nan peyi yo nou te
rete. 8 Lè moun sa yo vin rete nan peyi nou an, sou twa
jenerasyon, pitit yo va gen dwa vin nan reyinyon n'ap fè
pou fè sèvis pou Bondye. 9 Lè n'ap fè lagè ak lènmi nou
yo, antan n'ap viv nan kan, se pou nou egzante tou sa
ki ka mete nou nan kondisyon pou nou pa ka fè sèvis
Bondye. 10 Si yon moun ta nan kondisyon pou li pa ka
sèvi Bondye paske li te voye sou li lannwit, l'a soti kite kan
an, l'a rete deyò pou tout jounen an. 11 Nan aswè, l'a lave
kò l'. Apre solèy kouche, l'a ka antre nan kan an ankò. 12
N'a chwazi yon kote andeyò limit kan an kote n'a ka ale fè
bezwen nou. 13 N'a pran yon pikwa nan zouti nou yo,
n'a fouye yon twou, n'a degaje nou, epi n'a kouvri l' ak
tè. 14 Seyè a, Bondye nou an, ap pwonmennen nan tout
kan an pou l' pwoteje nou, pou l' lage lènmi nou yo nan
men nou. Se poutèt sa, se pou nou toujou kenbe kan an
pwòp nèt pou Seyè a pa wè anyen ladan l' ki pou ba l' kè
tounen epi ki pou ta fè l' vire do ban nou. 15 Si yon esklav
sove lakay mèt li vin mande nou pwoteksyon, nou pa gen
dwa renmèt li bay mèt li. 16 N'a kite l' viv avèk nou nan
mitan pèp la, nan nenpòt ki lavil l'a chwazi, kote l'a pi pito.
Pa janm pwofite sou li. 17 Piga ankenn gason ni ankenn
fanm nan pèp Izrayèl la al pote tèt yo fè jennès nan sèvis
pou zidòl moun lòt nasyon yo. 18 Pa janm kite yon fanm
osinon yon gason vin nan tanp Bondye a pou fè ankenn
ofrann ak lajan yo fè nan kondisyon sa a, paske Seyè a
pa vle wè moun k'ap fè bagay konsa. 19 Piga nou janm
fè yon moun pèp Izrayèl parèy nou peye enterè lè nou
prete l' lajan, osinon manje, osinon nenpòt lòt bagay. 20
Nou gen dwa egzije yon moun lòt nasyon pou l' peye nou
enterè sou sa nou prete l'. Men, nou pa ka fè yon moun
pèp Izrayèl parèy nou sa. Se konsa, Seyè a, Bondye nou
an, va beni nou nan tou sa nou pral fè nan peyi Bondye
pral ban nou pou rele nou pa nou. 21 Lè yonn nan nou
pwomèt Seyè a n'ap fè kichòy pou li, pa kite twòp tan
pase anvan nou kenbe pwomès la, paske Seyè a, Bondye
nou an, p'ap manke mande nou kont. Lè sa a, n'a gen yon
peche sou konsyans nou. 22 Si nou pa fè Seyè a ankenn
pwomès, nanpwen peche nan sa. 23 Men, depi yon pawòl
sot nan bouch nou, fòk nou kenbe l'. Lè nou fè Seyè a
yon pwomès ak pwòp bouch nou san anyen pa t' fòse nou
fè l', se pou nou kenbe l'. 24 Lè nou pase nan jaden rezen
yon moun pèp Izrayèl parèy nou, nou gen dwa manje kont
rezen nou, jan nou vle. Men, piga nou pran anyen pote
ale. 25 Si nou antre nan jaden ble yon moun pèp Izrayèl
parèy nou, si ble a mi, nou gen dwa kase kèk zepi ak men
nou. Men, piga nou mete manchèt pou koupe ble ki mi
nan jaden moun pèp Izrayèl parèy nou.

24 Si yon nonm marye ak yon fanm epi rive yon lè
fanm lan pa fè l' plezi ankò, paske li dekouvri nan
fanm lan yon bagay ki pa byen, l'a ekri yon papye divòs
bay fanm lan, epi l'a voye l' tounen lakay papa l'. 2 Apre
sa, si fanm lan kite kay papa l', l' al marye ak yon lòt
gason, 3 sipoze dezyèm mari a tou ta rive pa vle wè l', epi
li ekri yon lèt divòs ba li, epi li voye l' tounen lakay papa l'
ankò, osinon sipoze dezyèm mari a ta rive mouri, 4 lè sa
a, premye mari a p'ap ka marye avè l' ankò. Se pou li
konsidere fanm lan tankou yon moun ki pa nan kondisyon
pou sèvi Bondye. Paske si li marye avè l' apre sa, l'ap fè
yon bagay Seyè a pa vle wè. Piga nou rale madichon sou
peyi Seyè a, Bondye nou an, ap ban nou pou rele nou
pa nou an. 5 Si yon nonm fèk marye, li pa fèt pou l' al
nan lagè, ni yo pa bezwen mande l' fè ankenn travay nan
sèvis piblik pandan ennan. Konsa, pandan tan sa a, l'a lib
pou l' rete lakay li pou l' fè kè madanm li kontan. 6 Lè
n'ap prete yon moun lajan, nou pa gen dwa pran de wòl
moulen li yo, pa menm yon sèl ladan yo, pou garanti. Si
nou fè sa, se tankou si se te lavi moun lan menm nou
te pran pou garanti. 7 Si yo bare yon moun pèp Izrayèl
ap kenbe yon moun pèp Izrayèl parèy li pou fè l' tounen
esklav li osinon pou l' vann li, se pou yo touye l'. Se konsa
n'a wete bagay mal k'ap fèt nan mitan nou. 8 Lè gen yon
ka move maladi po, se pou nou sèten yo fè tou sa moun
Levi yo mande fè. Se pou nou swiv tout regleman mwen
te ba yo sou sa. 9 Pa janm bliye sa Seyè a, Bondye nou
an, te fè Miryam, lè nou t'ap soti kite peyi Lejip la. 10
Lè n'ap prete yon moun yon lajan sou garanti, nou pa
gen dwa antre lakay li pou n' al pran sa l'ap ban nou pou
garanti a. 11 N'a rete deyò, n'a tann li pote garanti a ban
nou deyò a. 12 Si se yon nonm ki pòv, pa kite rad li ban
nou pou garanti a pase nwit lakay nou. 13 Se pou nou
tounen l' ba li lè solèy kouche, pou l' ka mete l' sou li lè
l'ap dòmi. L'a genyen nou rekonesans, epi nou menm nou
va fè yon bon zèv devan Seyè a, Bondye nou an. 14 Piga
nou peze yon pòv malere k'ap travay pou lajan l', li te mèt
yon moun pèp Izrayèl parèy nou, li te mèt yon moun lòt
nasyon k'ap viv nan peyi a nan yonn nan lavil nou yo. 15
Peye l' lajan l' chak jou, anvan solèy kouche, paske li pòv,
li bezwen lajan an pou l' viv. Konsa, li p'ap bezwen rele
Seyè a pou nou. Men, si sa rive, se nou menm k'ap antò.
16 Nou pa gen dwa touye yon papa pou krim pitit li fè. Ni
nou pa gen dwa touye yon pitit pou krim papa l' te fè. Y'a
touye yon moun pou krim li menm li fè. 17 Pa fè ankenn
moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou lenjistis. Respekte
dwa timoun ki san papa. Pa pran rad yon vèv an garanti
pou lajan nou prete l'. 18 Chonje nou menm tou nou te
esklav nan peyi Lejip. Se Seyè a menm, Bondye nou an,
ki te delivre nou. Se poutèt sa mwen mande nou pou nou
swiv regleman sa a. 19 Lè n'ap ranmase rekòt ble nan
jaden nou epi nou bliye ranmase kèk grap ki tonbe atè, pa
tounen al pran yo. N'a kite yo pou moun lòt nasyon k'ap
viv nan mitan nou, pou timoun san papa ak fanm ki pèdi
mari yo. N'a fè sa pou Seyè a, Bondye nou an, ka beni

nou nan tou sa n'ap fè. **20** Lè n'ap keyi grenn oliv, nou pa
bezwen pase yon dezyèm fwa pou keyi sa ki te rete yo.
N'a kite yo pou moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou
yo, pou timoun san papa ak pou fanm ki pèdi mari yo. **21**
Lè nou fin koupe grap rezen nan jaden nou yo, pa tounen
yon dezyèm fwa anba chak pye rezen pou repase branch
yo. Sa ki va rete a, n'a kite yo pou moun lòt nasyon k'ap
viv nan mitan nou yo, pou timoun ki san papa ak pou
fanm ki pèdi mari yo. **22** Se pou nou toujou chonje yon lè
nou te esklav nan peyi Lejip. Se poutèt sa mwen mande
non pou nou swiv lòd mwen ban nou la a.

25 Lè yon kont pete nan mitan nou, moun ki gen kont
yo va ale lajistis pou yo jije ka a. Y'a bay sa ki gen
rezon an rezon, sa ki gen tò a tò. **2** Si sa ki gen tò a
merite bat, jij la va fè l' kouche plat atè, epi, l'a devan je l',
l'a fè yo ba li kantite kou li merite pou sa l' fè a. **3** Nou pa
janm gen dwa depase karant kou. Si nou ba li plis, nou ka
pini l' twòp. Lè sa a, n'a avili l' devan tout moun. **4** Nou pa
bezwen mare bouch bèf la pou enpoze l' manje lè l'ap vire
moulen pou kraze ble pou nou. **5** Lè de frè rete ansanm
nan menm kay, si yonn ladan yo rive mouri san li pa kite
pitit, madan defen an pa ka al marye ak yon moun ki pa
nan fanmi an. Se va devwa bòfrè a pou l' al jwenn vèv la
pou l' marye ak li. **6** Premye pitit gason madanm lan va fè
a va pote non frè ki mouri a pou non l' pa pèdi nan peyi
Izrayèl la. **7** Men, si nonm lan pa vle marye ak bèlsè li a,
bèlsè a va moute nan tribinal bò pòtay lavil la, epi l'a di
chèf fanmi yo: Bòfrè mwen an derefize fè devwa l'. Li pa
vle konsève non frè li nan peyi Izrayèl la. Li refize marye
avè m', jan lalwa peyi a mande l' fè l' la. **8** Lè sa a, chèf
fanmi ki nan lavil la va fè rele nonm lan vin jwenn yo epi
y'a pale avè l'. Si li derefize marye avèk bèlsè a, **9** bèlsè a
va mache sou li, devan tout chèf fanmi yo, l'a wete yon
grenn sapat nan pye nonm lan, l'a krache nan figi l', epi
l'a di: -Men sa ki pou rive yon nonm ki refize bay frè li
yon pitit. **10** Nan peyi Izrayèl la, y'a rele fanmi nonm sa
a: fanmi nonm grenn sapat la. **11** Si pandan de gason
nan moun Izrayèl yo ap goumen, madanm yonn nan yo
pwoche pou l' sove mari l' anba men lòt k'ap bat li a, epi li
lonje men l', li kenbe lòt lan nan pati li, **12** se pou nou
san pitye pou li: koupe men l' la pou la. **13** Nou pa gen
dwa gen de kalite pwa nan sakit nou pou pran pèz, yonn
ki bon, yonn ki pa bon, **14** ni de kalite mezi lakay nou,
yonn ki bon ak yonn ki pa bon. **15** N'a toujou sèvi ak bon
mezi, san wete san mete. Se konsa n'a ka viv lontan nan
peyi Seyè a, Bondye nou an, ap ban nou an. **16** Paske
Seyè a pa vle wè moun k'ap fè bagay konsa, moun k'ap
fè lenjistis. **17** Pa janm bliye sa Amalèk te fè nou lè nou te
sou wout nou ap soti nan peyi Lejip. **18** Yo pa t' gen krentif
Bondye. Yo vin kontre nou sou chemen nou. Lè sa a nou
te bouke, kò nou te kraze, epi yo pase pa dèyè, yo touye
tout moun ki t'ap trennen dèyè yo. **19** Se poutèt sa, lè
Seyè a, Bondye nou an, va ban nou lapè ak tout lènmi sa
yo ki antoure nou toupatou nan peyi l'ap ban nou pou rele
nou pa nou an, se pou nou touye tout moun Amalèk yo
pou pesonn sou latè pa janm chonje yo ankò. Pa bliye sa!

26 Lè n'a rive nan peyi Seyè a, Bondye nou an, ban
nou pou rele nou pa nou an, lè n'a fin pran tout peyi
a pou nou pou nou rete ladan l', **2** chak moun va pran
premye donn tout pyebwa nan jaden li fè sou tè Seyè a,
Bondye li a, va ba li, l'a mete yo nan yon panyen, epi l'a
pote l' kote Seyè a te chwazi pou l' rete nan mitan nou
an. **3** Li aval jwenn prèt ki desèvis lè sa a, epi l'a di l': -
Mwen deklare jòdi a, devan Seyè a, Bondye mwen an,
mwen rekonèt mwen antre nan peyi li te pwomèt li t'ap
bay zansèt nou yo. **4** Prèt la va pran panyen an nan men
li, l'a depoze l' devan lòtèl Seyè a, Bondye nou an. **5**
Lè sa a, moun k'ap fè ofrann lan va pran lapawòl devan
Seyè a, Bondye nou an, l'a fè deklarasyon sa a: -Zansèt
mwen te yon moun peyi Aram ki t'ap pwonmennen mache
toupatou. Yon jou, li desann nan peyi Lejip ak moun pa l'
yo ki pa t' anpil. Yo pase kèk tan nan peyi a, yo tounen
yon gwo nasyon ki te fò ak anpil anpil moun ladan l'. **6**
Moun peyi Lejip yo tonbe maltrete nou, yo malmennen
nou, yo fòse nou travay di tankou esklav. **7** Lè sa a, nou
rele Seyè a, Bondye zansèt nou yo, pou l' vin ede nou. Li
tande lapriyè nou. Li wè nan ki mizè nou te ye, li wè tout
lapenn ki te nan kè nou, li wè jan yo t'ap peze nou. **8** Seyè
a fè nou soti kite peyi Lejip la ak gwo fòs ponyèt li, li te fè
anpil mirak ak anpil mèvèy, bagay ki te fè moun pè anpil.
9 Apre sa, li mennen nou isit la, li ban nou bèl tè sa a, kote
lèt ak siwo myèl ap koule tankou dlo. **10** Se sa ki fè koulye
a, Seyè, mwen pote ba ou pi bèl fwi nan premye rekòt
ou ban mwen nan peyi a. Apre sa, nonm lan va depoze
panyen an devan Seyè a, Bondye nou an, l'a mete ajenou
devan l'. **11** Lèfini, li menm ak tout moun lakay li, l'a fè fèt
pou tout bon bagay sa yo Seyè a te ba li. L'a fè moun Levi
yo ansanm ak moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou yo
fete ansanm ak li tou. **12** Chak twazan n'a bay ladim, ki
vle di yon dizyèm tout bagay nou rekòlte. N'a ranmase sa
n'ap bay la, n'a mache nan tout lavil nou yo, n'a bay prèt
yo, moun lòt nasyon yo, timoun san papa yo ak vèv yo,
pou yo tout ka manje plen vant yo. **13** Lèfini, n'a parèt
devan lòtèl Seyè a, Bondye nou an, n'a di l': -Mwen pa
kite lakay mwen anyen nan sa mwen fèt pou mete apa
pou ou. Mwen mache bay prèt yo, moun lòt nasyon yo,
timoun san papa ak vèv yo, dapre lòd ou te ban mwen.
Mwen fè tou sa ou te mande m' fè sou keksyon sa a.
Mwen pa bliye anyen nan tou sa ou di m'. **14** Mwen pa t'
manje ladan yo lè mwen te nan lapenn, ni lè mwen pa t'
nan kondisyon pou fè sèvis pou ou. Ni mwen pa t' wete
anyen ladan l' pou m' fè ofrann bay mò. Seyè, Bondye
mwen, mwen te obeyi ou, mwen te fè tou sa ou te ban m'
lòd fè sou keksyon sa a. **15** Rete nan syèl la, nan kay ki
apa nèt pou ou a, voye je ou gade pèp ou a. Beni pèp
Izrayèl la ansanm ak tè ou te ban nou an dapre pwomès
ou te fè zansèt nou yo. Beni peyi kote lèt ak siwo myèl ap
koule tankou dlo a. **16** Seyè a, Bondye nou an, pase nou
lòd jòdi a pou nou swiv tout lwa ak tout regleman sa yo.

N'a kenbe yo, n'a fè sa yo mande nou la a ak tout kè nou
ak tout nanm nou. 17 Jòdi a nou fè deklarasyon nou bay
Seyè a: Nou di se li ki Bondye nou. Nou pwomèt pou nou
toujou mache jan li vle l' la, pou nou fè tou sa ki nan lwa,
nan lòd ak nan regleman li yo pou nou toujou koute sa l'
di nou. 18 Jòdi a tou, Seyè a te asepte nou pou pèp li
renmen anpil la, jan l' te fè nou pwomès la. Epi li pase
nou lòd pou nou fè tou sa l'a mande nou fè. 19 L'ap fè
nou tounen nasyon ki pi gran pase tout lòt nasyon li te fè
yo. N'a gen pouvwa pase yo, n'a gen repitasyon pase yo,
y'a respekte nou pase yo. Wi, n'a yon pèp k'ap viv apa nèt
pou Seyè a, Bondye nou an, jan l' te di l' la.

27 Lè sa a, Moyiz ansanm ak tout chèf fanmi pèp
Izrayèl yo bay pèp la lòd sa yo: -Se pou nou fè tou
sa mwen mande nou fè jòdi a. 2 Lè n'a janbe lòt bò larivyè
Jouden an, pou nou antre nan peyi Seyè a, Bondye nou
an, ap ban nou an, n'a pran kèk gwo wòch, n'a mete yo
kanpe, n'a blanchi yo ak lacho. 3 Apre sa, n'a ekri sou yo
tout lòd ki nan lalwa sa a. Lè n'a fin antre nan peyi Seyè
a, Bondye nou an, ap ban nou an, peyi kote lèt ak siwo
myèl ap koule tankou dlo jan li te pwomèt zansèt nou yo,
4 lè n'a fin janbe lòt bò larivyè Jouden an, n'a kanpe wòch
sa yo sou tèt mòn Ebal, jan mwen di nou li jòdi a. N'a
blanchi yo ak lacho. 5 N'a pran wòch, n'a moute yon lòtèl
la tou pou Seyè a, Bondye nou an. Pa travay wòch n'a
pran pou n' fè lòtèl la ak sizo. 6 Se pou n' pran wòch yo
konsa, jan nou jwenn yo a, pou nou bati lòtèl Seyè a,
Bondye nou an. Se la n'a touye bèt nou ofri pou yo boule
nèt pou Seyè a. 7 Se la n'a fè ofrann bèt pou yo touye
pou di Bondye mesi. Se la n'a manje ofrann nou yo, se la
n'a fè fèt devan Seyè a, Bondye nou an. 8 N'a ekri sou
wòch yo tout lòd ki nan lalwa sa a. N'a ekri yo pou tout
moun ka li yo. 9 Apre sa, Moyiz ansanm ak prèt moun
Levi yo pale ak tout pèp la. Li di yo konsa: -Nou menm,
moun pèp Izrayèl yo, fè yon ti silans pou mwen, tanpri.
Koute byen. Depi jòdi a se pèp Seyè a, Bondye nou an,
nou ye. 10 Se pou nou obeyi l', se pou nou swiv tout lòd
ak tout regleman mwen ban nou jòdi a. 11 Menm jou sa a,
Moyiz bay pèp Izrayèl la lòd sa a: 12 -Lè n'a fin pase
larivyè Jouden an, moun branch fanmi Simeyon, moun
branch fanmi Levi, moun branch fanmi Jida, moun branch
fanmi Isaka, moun branch fanmi Jozèf ak moun branch
fanmi Benjamen yo va moute kanpe sou mòn Garizim
lè y'ap beni pèp la. 13 Moun branch fanmi Woubenn,
moun branch fanmi Gad, moun branch fanmi Asè, moun
branch fanmi Zabilon, moun branch fanmi Dann ak moun
branch fanmi Neftali yo va moute kanpe sou mòn Ebal
lè y'ap bay pèp la madichon. 14 Moun Levi yo va pale
ak pèp la, y'a rele byen fò pou tout moun ka tande: 15 -
Madichon Bondye pou tout moun ki fè travay yon wòch ak
sizo osinon fè fonn metal pou fè yon zidòl, epi lèfini ki
kache l' yon kote pou l' fè sèvis pou li. Se yon bondye
moun fè ak men yo. Seyè a pa vle wè bagay konsa! Tout
pèp la va reponn: -Se sa menm! Nou dakò! 16 -Madichon
pou moun ki derespekte manman l' al papa l'! Tout pèp
la va reponn: -Se sa menm! Nou dakò! 17 -Madichon
pou moun ki deplase bòn tè yon moun pèp Izrayèl parèy
li! Tout pèp la va reponn: -Se sa menm! Nou dakò! 18 -
Madichon Bondye pou moun ki fè yon avèg pèdi chemen
l'! Tout pèp la va reponn: -Se sa menm! Nou dakò! 19 -
Madichon Bondye pou moun k'ap fè pasdwa sou moun lòt
nasyon yo, sou timoun ki san papa ak sou vèv yo! Tout
pèp la va reponn: -Se sa menm! Nou dakò! 20 -Madichon
Bondye pou tout gason ki va kouche ak madanm papa l',
paske se avili l'ap avili papa l'! Tout pèp la va reponn: -
Se sa menm! Nou dakò! 21 -Madichon Bondye pou tout
moun ki kwaze ak nenpòt ki bèt! Tout pèp la va reponn: -
Se sa menm! Nou dakò! 22 -Madichon Bondye pou tout
moun ki kouche avèk sè li, kit se pitit fi papa l', kit se
pitit fi manman l'! Tout pèp la va reponn: -Se sa menm!
Nou dakò! 23 -Madichon Bondye pou moun ki kouche ak
bèlmè li, manman madanm li! Tout pèp la va reponn: -Se
sa menm! Nou dakò! 24 -Madichon Bondye pou moun ki
touye yon lòt moun Izrayèl parèy li an kachèt! Tout pèp
la va reponn: -Se sa menm! Nou dakò! 25 -Madichon
Bondye pou moun ki asepte lajan pou touye yon inonsan!
Tout pèp la va reponn: -Se sa menm! Nou dakò! 26 -
Madichon Bondye pou moun ki pa kenbe pawòl ki nan
lalwa a, ki pa fè sa yo di ladan l'! Tout pèp la va reponn: -
Se sa menm! Nou dakò!

28 Si nou koute Seyè a, Bondye nou an, si nou fè
tou sa mwen ban nou lòd fè jòdi a, Seyè a va fè
nou tounen nasyon ki pi gran pase tout lòt nasyon ki sou
latè. 2 Wi, si nou koute Seyè a, Bondye nou an, men
benediksyon l'ap vide sou nou: 3 Seyè a va beni nou lavil
kou andeyò. 4 Seyè a va beni pitit nou yo, rekòt jaden nou
yo, pòte bèf nou yo, pòte kabrit nou yo, pòte mouton nou
yo ak pòte tout lòt bèt nou yo. 5 Seyè a va beni rekòt ble
nou ak rekòt farin nou. 6 Seyè a va beni nou nan tou sa
n'ap fè, depi nan mete men jouk nou bout. 7 Seyè a va fè
nou kraze tout lènmi ki va atake nou. Lè y'ap vin sou nou,
y'a mache ansanm sou yon sèl chemen. Men, y'a gaye
toupatou lè y'ap kraze rak pou nou. 8 Seyè a va beni nou
tout tan, l'a beni depo manje nou, l'a beni tou sa n'ap fè.
L'a beni nou nan peyi Seyè a, Bondye nou an, va ban nou
an. 9 Si nou fè tou sa Seyè a, Bondye nou an, mande nou
fè, si nou viv jan li vle nou viv la, n'a yon pèp k'ap viv apa
nèt pou Seyè a, Bondye nou an, jan l' te fè nou pwomès
la. 10 Lè sa a, tout pèp sou latè va wè Seyè a te chwazi
nou pou pote non l', y'a gen respè pou nou. 11 Seyè a va
kouvri nou ak benediksyon, l'a ban nou anpil pitit, anpil
bèt ak anpil rekòt nan peyi Seyè a te pwomèt zansèt nou
yo l'ap ban nou an. 12 L'a rete nan syèl la, l'a louvri trezò
li, l'a voye lapli sou peyi a lè sezon an va rive, l'a beni tout
travay n'ap fè. N'a gen pou nou prete tout moun. Nou p'ap
janm bezwen mande pesonn prete. 13 Seyè a va mete
nou devan, nou p'ap janm dèyè. N'a toujou anwo, nou
p'ap janm anba, depi nou swiv tout lòd Seyè a, Bondye
nou an, depi nou fè tou sa mwen mande nou fè jòdi a, 14

san nou pa janm kite chemen li mete devan nou an pou
n' ale dèyè lòt bondye pou nou sèvi yo. **15** Men tou, si
nou pa koute Seyè a, Bondye nou an, si nou pa fè tou
sa mwen ban nou lòd fè jòdi a, si nou pa swiv regleman
mwen ban nou yo, men madichon l'ap ban nou epi k'ap
tonbe sou nou: **16** Madichon Bondye va tonbe sou nou
nan lavil kou andeyò. **17** Madichon Bondye va tonbe sou
rekòt ble nou ak sou rekòt farin nou. **18** Madichon Bondye
va tonbe sou pitit nou yo, sou rekòt jaden nou yo, sou
pòte bèf, pòte kabrit ak pòte mouton nou yo. **19** Madichon
Bondye va tonbe sou tou sa n'ap fè, depi nan mete men
jouk nou bout. **20** Si nou fè bagay ki mal, si nou vire do
bay Seyè a, l'ap voye tout kalite madichon sou nou: Nou
p'ap konn sa pou n' fè, n'a gen kè sere nan tou sa n'ap fè
jouk n'a rete konsa n'a fin disparèt nèt, paske nou te fè
bagay ki mal, nou te vire do ba li. **21** Seyè a ap voye yon
sèl move maladi po k'ap fini nèt ak nou nan peyi nou pral
pran pou nou an. **22** L'ap voye sou nou epidemi, move
lafyèb, maladi anfle, chalè pou toufe moun, jouk n'a mouri.
L'a voye chechrès, vèmen ak pichon pou detwi rekòt nou
yo. Malè sa yo va tonbe sou nou jouk n'a fin disparèt nèt.
23 Syèl la p'ap bay yon degout lapli menm. Tè a va vin di
kou wòch. **24** Nan plas lapli, Seyè a va fè pousyè tè ak
sab kouvri nou jouk nou mouri. **25** L'a fè lènmi nou yo bat
nou. N'a pran yon sèl chemen ansanm pou n' atake yo.
Men, n'a gaye toupatou lè n'a pran rak devan yo. Tout
moun sou latè pral mete men nan tèt lè y'a wè sa ki rive
nou. **26** Lè n'a mouri, se zwazo ak bèt nan bwa ki pral
manje kadav nou yo san p'ap gen pesonn pou pouse yo
ale. **27** Seyè a va fè bouton leve sou tout kò nou, menm
jan li te fè moun peyi Lejip yo, n'a gen apse, lagal, pyas,
epi nou p'ap ka jwenn gerizon pou maladi po sa yo. **28**
Seyè a va fè nou pèdi tèt nou, nou p'ap konprann sa n'ap
fè, nou p'ap konnen kote pou n' mete kò nou. **29** Gwo
midi, n'a tatonnen tankou avèg k'ap mache nan fènwa.
Nou p'ap jwenn rannman nan ankenn travay n'ap fè. Tout
tan moun ap malmennen nou, y'ap vòlè nou, lèfini p'ap
gen pesonn pou pote nou sekou. **30** N'a fiyanse ak yon fi,
men se yon lòt gason ki va kouche ak li. N'a bati yon kay,
men nou p'ap janm rete ladan l'. N'a plante yon jaden
rezen, men nou p'ap janm jwi l'. **31** Y'a touye bèf nou yo
la devan je nou, men nou p'ap ka mete yon ti moso nan
vyann li nan bouch nou. Y'ap pran bourik nou nan bab
nou al avè l', yo p'ap janm renmèt nou li. Y'a bay lènmi
nou yo tout mouton nou yo, epi p'ap gen pesonn pou pote
nou sekou. **32** N'a wè ak je nou y'ap pran pitit gason ak
pitit fi nou yo bay moun lòt nasyon. Tout lè n'a anvi wè yo
ankò, men p'ap gen anyen nou ka fè pou sa. **33** Moun
nou pa janm konnen va manje tou sa ki nan jaden nou ak
tout pwofi travay nou. Se tout tan y'a malmennen nou, y'a
maltrete nou. **34** Lè n'a wè tout bagay sa yo rive nou, n'a
pèdi tèt nou! **35** Seyè a va ban nou yon sèl malenng nan
jenou ak sou kwis janm nou ki p'ap janm geri. Bouton ap
parèt sou tout kò nou, depi nan pye jouk nan tèt. **36** Seyè
a pral depòte nou ansanm ak tout wa nou te mete alatèt
nou, nan yon peyi etranje ni nou menm ni zansèt nou yo
pa t' janm konnen. Lè n'a rive la, n'a sèvi zidòl fèt an bwa
ak zidòl fèt ak wòch. **37** Nan tout peyi kote Seyè a pral
gaye nou yo, moun pral sezi wè sa ki rive nou, y'a pase
nou anba kont betiz, y'a fè chante sou nou. **38** N'a plante
anpil grenn nan jaden nou, men n'a rekòlte yon ti kras,
paske krikèt va manje pifò. **39** N'a plante jaden rezen, n'a
okipe yo byen. Men, nou p'ap jwenn rezen ni pou nou
rekòlte, ni pou fè diven pou nou bwè, paske vèmen va fin
manje tout. **40** Pye oliv va pouse toupatou nan peyi nou
an, men nou p'ap gen yon ti degout lwil oliv, paske tout
grenn oliv yo ap koule. **41** N'a fè pitit fi ak pitit gason, men
yo p'ap pou nou, paske lènmi nou yo ap fè yo prizonye,
y'ap depòte yo. **42** Krikèt pral manje tout pyebwa nou yo
ak tout ti plant ki nan jaden nou yo. **43** Moun lòt nasyon
k'ap viv nan mitan nou va vin pi fò pase nou. Nou menm,
chak jou, n'a pèdi fil. **44** Se yo menm ki va gen lajan pou
yo prete nou. Nou menm nou p'ap gen anyen pou n' prete
yo. Se yo ki va devan, nou menm nou pral dèyè nèt. **45**
Tout giyon sa yo va tonbe sou nou. Kote nou pase y'a
pase dèyè nou. Y'a rete sou nou jouk y'a fini nèt ak nou.
Tou sa, paske nou pa t' koute sa Seyè a, Bondye nou an,
di nou, nou pa t' fè tou sa li te mande nou fè nan lòd ak
regleman li te ban nou yo. **46** Madichon sa yo va sèvi ni
pou nou ni pou pitit nou yo pou moutre nou kalite mèvèy
ak mirak Bondye ka fè. **47** Bondye te ban nou tou sa nou
te bezwen. Men malgre sa, nou pa t' sèvi l' tout bon ak kè
kontan. **48** Se poutèt sa, nou pral sèvi lènmi Seyè a pral
voye sou nou. Nou pral soufri grangou, swaf dlo, toutouni,
dizèt ak tout kalite mizè. Seyè a pral fè lènmi yo kraze
nou anba men yo, jouk y'a fini nèt ak nou. **49** Seyè a pral
mennen yon nasyon soti byen lwen nan dènye bout latè,
yon nasyon ki pale yon lang nou p'ap konprann, yo pral
vare sou nou tankou malfini sou poul. **50** Se moun ki gen
kè di. Yo p'ap respekte vye granmoun, ni yo p'ap gen
pitye pou timoun. **51** Y'a manje pwofi bèt nou yo, ak rekòt
jaden nou yo jouk y'a kite nou mouri grangou. Yo p'ap kite
anyen pou nou, ni farin, ni diven, ni lwil, ni pòte bèf nou yo
ni pòte mouton nou yo, jouk y'a fini nèt ak nou. **52** Y'a
atake nou. Y'a sènen tout lavil nou yo, jouk y'a fin kraze
gwo miray byen wo ki te sèvi nou ranpa, miray nou te kwè
ki ta ka toujou pwoteje nou yo. Wi, y'a fèmen nou, y'a
sènen tout lavil nou yo, toupatou nan peyi Seyè a, Bondye
nou an, te fè nou kado a. **53** Lè lènmi nou yo va sènen
nou nan lavil nou yo, y'a mete nou nan yon sèl kalite mizè
ak kè sere, n'a sitèlman grangou, n'a manje pwòp pitit nou
yo, pitit gason ak pitit fi Seyè a, Bondye nou an, te ban
nou. **54** Menm moun nou konnen ki pi bon nan mitan
nou an, moun ki pa janm nan kont ak pesonn lan, enben
menm li menm, l'a fèmen kè l', li p'ap konn frè, li p'ap
konn madanm li te renmen an, ni ankenn pitit nan sa ki
rete l' yo, **55** pou li pa bay pesonn nan vyann pitit li l'ap
manje a, paske ak lènmi k'ap sènen nou nan lavil nou yo,
ap gen yon sèl mizè ak kè sere nan mitan lavil nou yo, ata
li menm, l'a sitèlman grangou, l'a blije manje pwòp pitit li,

epi li p'ap bay pesonn ladan l'. 56 Menm fanm nou konnen
ki pi bon moun nan mitan nou an, fanm ki pa ta janm ap
mache nan lari tèlman li gen bon jan ak bon levasyon an,
li va fèmen kè l', li p'ap konn ni mari li renmen anpil la, ni
pitit fi, ni pitit gason. 57 Pou li pa separe ak yo, l'a kache
kò l' pou yo pa wè l' lè l'ap manje pitit li fenk fè a, ansanm
ak tout manman vant lan. Paske, avèk lènmi k'ap sènen
nou nan lavil nou yo, ap gen yon sèl mizè ak kè sere, p'ap
gen anyen pou manje. Lè sa a, l'a kache kò l' pou l' pa
bay yo anyen nan sa l'ap manje a. 58 Si nou pa swiv tout
regleman ki ekri nan liv lalwa sa a, si nou pa gen krentif
pou Bondye nou an, Seyè ki gen anpil pouvwa a, Bondye
moun fèt pou respekte a, 59 Seyè a va voye gwo malè sa
yo sou nou ak sou pitit nou yo, l'a voye gwo epidemi ki
pa tande rete, move maladi ki pa konn renmèd. 60 L'a
voye sou nou ankò tout malè ki te tonbe sou moun peyi
Lejip yo, malè ki te fè nou tranble yo. Nou p'ap janm ka
soti anba yo. 61 Sa ki pi rèd ankò, Seyè a va voye sou
nou tout kalite epidemi ak maladi yo pa pale nan liv lalwa
Seyè a jouk la fini nèt avèk nou. 62 Epi nou menm, moun
pèp Izrayèl yo, ki te anpil tankou zetwal ki nan syèl la, n'a
tounen yon ti ponyen moun, paske nou pa t' koute sa
Seyè a, Bondye nou an, te di nou. 63 Menm jan Seyè a,
Bondye nou an, te pran plezi pou l' te fè nou byen, pou l'
te fè nou vin anpil la, se konsa tou l'a pran plezi pou l' fè
nou pèdi tout bagay, pou l' fini nèt ak nou. L'a rache nou
met deyò nan peyi kote nou pral antre a, peyi nou pral
pran pou nou rete a. 64 Seyè a va gaye nou nan mitan
tout nasyon ki toupatou sou latè. Lè n'a rive la, n'a sèvi lòt
bondye ni zansèt nou yo, ni nou menm nou pa t' janm
tande pale, zidòl fèt an bwa, zidòl fèt ak wòch. 65 Antan
n'ap viv nan mitan lòt nasyon sa yo, nou p'ap janm gen kè
poze, nou p'ap janm ka rete yon sèl kote. Seyè a va fè
nou viv ak kè sote, nan lapenn ak dekourajman. 66 Lavi
nou ap toujou an danje. Lajounen kou lannwit, n'ap nan
laperèz, n'ap pè pou lanmò pa pran nou. 67 Devan bagay
n'a wè k'ap pase devan je nou, n'a gen yon sèl laperèz
nan kè nou, kè nou va bat bip-bip! Chak maten n'a mande
kilè aswè va rive. Chak aswè n'a mande kilè la jou. 68
Seyè a va fè nou tounen nan peyi Lejip nan bato, atout se
li menm ki te pwomèt nou pa t'ap janm tounen la ankò.
N' aval vann tèt nou bay lènmi nou yo pou nou sèvi yo
esklav, men pesonn p'ap vle achte nou.

29 Men pawòl ki te nan kontra Seyè a te bay Moyiz
lòd pase ak moun pèp Izrayèl yo, lè yo te nan peyi
Moab la. Kontra sa a te vin mete sou kontra li te deja fè
ak yo sou Mòn Orèb la. 2 Moyiz fè rele tout pèp Izrayèl
la, li di yo konsa: -Nou wè ak je nou tou sa Seyè a te
fè wa peyi Lejip la, moun ki t'ap travay ak li yo ak tout
peyi a. 3 Nou wè ak je nou tout gwo malè li te voye sou
yo, tout mirak ak tout mèvèy li te fè. 4 Men, jouk koulye
a, Seyè a poko louvri lespri nou ase pou nou konprann
byen konprann tou sa nou wè ak tou sa nou tande. 5
Pandan karantan, mwen pran men nou, mwen moutre
nou chemen pou nou swiv nan dezè a. Rad sou nou pa t'
janm chire, sapat nan pye nou pa t' janm fini. 6 Nou pa t'
gen pen pou nou manje, ni diven, ni ankenn bwason pou
nou bwè, men Seyè a te ban nou tou sa nou bezwen pou
n' te ka konnen se li menm, Seyè a, ki Bondye nou an.
7 Rive nou rive isit la, Siyon, wa Esbon an ak Og, wa
Bazan an, soti vin atake nou. Nou bat yo byen bat. 8
Nou pran peyi yo a bay moun branch fanmi Woubenn
yo, moun branch fanmi Gad yo ansanm ak mwatye nan
moun branch fanmi Manase yo pou yo rete. 9 N'a kenbe
kontra sa a. N'a fè tou sa ki di ladan l' pou nou ka reyisi
nan tout sa n'ap fè. 10 Jòdi a, men nou tout nou reyini la
a devan Seyè a, Bondye nou an, nou menm chèf tout
branch fanmi nou yo, tout chèf fanmi nou yo ak tout lòt
chèf yo, ak tout lòt gason nan pèp Izrayèl la, 11 tout pitit
nou yo, madanm nou yo, tout moun lòt nasyon k'ap viv
nan mitan nou yo, depi sa k'ap koupe bwa jouk sa ki la
pou al chache dlo pou nou, 12 nou vin pran angajman
sou sèman pou nou asepte tout egzijans kontra Seyè a,
Bondye nou an, ap pase ak nou jòdi a. 13 Konsa depi jòdi
a, se pèp li nou ye, se Bondye pa nou li ye, jan l' te di l' la,
jan l' te pwomèt Abraram, Izarak ak Jakòb, zansèt nou yo.
14 Men, se pa avèk nou menm sèlman l'ap pase kontra li
te fè nou sèmante pou n' kenbe a. 15 Men se pa sèlman
ak nou tout ki la jòdi a devan mwen, men tou se avèk
tout pitit nou yo ki poko fèt. 16 Nou konnen byen pwòp ki
kalite lavi nou t'ap mennen nan pèyi Lejip la ak ki jan nou
te pase nan mitan moun lòt nasyon nou te kontre sou
wout nou. 17 Nou te wè tout vye bagay yo t'ap fè, ak tout
zidòl fèt an bwa, osinon ak wòch, osinon an ajan oswa an
lò yo te gen lakay yo. 18 Piga pesonn nan mitan nou, ni
fanm ni gason, nan ankenn fanmi ni branch fanmi pèp la
vire do bay Seyè a, Bondye nou an, pou y' al sèvi zidòl
moun sa yo. Piga pesonn nan mitan nou tounen yon move
grenn k'ap detounen pèp la, k'ap anpwazonnen l'. 19 Si
yon moun, apre li fin tande sa ki di nan kontra a ak tout
egzijans ki ladan l' yo, mete nan tèt li se bon li bon, epi li
di nan kè l': Koulye a, mwen pa bezwen pè anyen. Mwen
gen dwa fè sa m' pi pito, sa ap lakòz nou tout ap mouri,
inonsan kou koupab. 20 Bondye p'ap janm padonnen yon
moun konsa. Okontre, Bondye, ki yon Bondye ki fè jalouzi
anpil pou moun pa li yo, ap fache yon sèl fache sou nonm
sa a, tout madichon ki ekri nan liv sa a pral tonbe sou
li. Bondye ap fè non l' disparèt nèt sou latè. 21 Seyè a
va wete l' nan mitan rès moun pèp Izrayèl yo, l'a pini l'
dapre madichon n'a jwenn nan kontra ki ekri nan liv lalwa
Seyè a. 22 Moun k'ap vin apre nou yo, pitit nou yo k'ap
fèt apre nou ansanm ak moun lòt nasyon k'ap soti byen
lwen yo, va wè malè ki tonbe sou peyi a ak tout maladi
Seyè a voye nan peyi a. 23 Y'a wè tout peyi a kouvri anba
souf ak sèl, tout tè a boule. Lè sa a, moun p'ap ka simen
anyen nan tè a, ankenn plant p'ap ka pran ladan l'. Pa
menm vye zèb p'ap ka pouse. Peyi nou an va tankou
lavil Sodòm ak Gomò, tankou lavil Adma ak Siboyen, lavil
Seyè a te detwi nèt lè l' te ankòlè a, lè l' te move anpil la.
24 Lè sa a, tout moun sou latè va mande: Poukisa Seyè a

fè moun sa yo sa? Pouki tout kòlè sa a sou peyi a? **25** Y'a reponn yo: Se paske yo pa t' kenbe kontra Seyè a, Bondye zansèt yo a, kontra li te pase ak yo lè li t'ap fè yo soti kite peyi Lejip la. **26** Yo leve al sèvi lòt bondye yo pa t' janm konnen anvan. Y' al mete ajenou devan bondye Seyè a pa t' ba yo pou yo sèvi. **27** Se konsa Seyè a vin fache anpil sou moun peyi sa a. Li sitèlman fache, li fè tout madichon ki ekri nan liv lalwa a tonbe sou yo. **28** Seyè a fè kòlè, li move, li fache, li rache yo met deyò nan peyi yo a, l' al jete yo nan yon lòt peyi etranje kote yo ye koulye a. **29** Gen bagay nou pa konnen, se bagay Bondye kenbe nan kè l' pou li menm. Men, bagay li fè nou konnen yo, se bagay nou menm ak pitit nou yo pa dwe janm bliye pou nou ka fè tou sa li mande nou fè nan lalwa a.

30 Mwen mete benediksyon ak madichon dèvan nou pou n' chwazi. Lè tout bagay mwen te di nou yo va rive nou, si, antan n'ap viv nan mitan lòt nasyon nan peyi kote Seyè a te gaye nou yo, nou vin chonje sa m' te di nou, **2** si nou tounen vin jwenn Seyè a, Bondye nou an, si nou koute l' ak tout kè nou, ak tout nanm nou, nou menm ak tout pitit nou yo, jan m'ap ban nou lòd jòdi a, **3** enben, lè sa a Seyè a, Bondye nou an, va gen pitye pou nou. L'a mennen tout moun yo te depòte yo tounen lakay yo. L'a chanje sò nou. Li pral mache chache nou nan tout peyi kote li te gaye nou yo, l'a sanble nou ankò. **4** Yo mèt depòte nou jouk nan dènye bout latè, Seyè a, Bondye nou an, pral chache nou jouk la pou l' sanble nou ankò. **5** Seyè a va fè nou tounen nan peyi kote zansèt nou yo te rete a, n'a tounen pran l' pou nou ankò. L'a fè nou plis byen pase sa l' te fè pou zansèt nou yo, l'a fè nou vin pi plis pase zansèt nou yo. **6** Seyè a, Bondye nou an, va mete mak kontra li a sou kè nou ak sou kè pitit nou yo, pou nou ka renmen l' ak tout kè nou, ak tout nanm nou, pou nou ka gen lavi. **7** Seyè a, Bondye nou an, va fè tout madichon sa yo tonbe sou lènmi nou yo, sou moun ki pa t' vle wè nou yo, sou moun ki t'ap maltrete nou yo. **8** Men, nou menm, n'a tounen vin jwenn Seyè a, n'a koute l', n'a fè tou sa li ban nou lòd fè a, jan mwen mande nou li jòdi a. **9** Seyè a, Bondye nou an, va kouvri nou anba benediksyon. Li va fè tout zafè nou mache byen, l'a ban nou anpil pitit, l'a ban nou anpil bèt, l'a fè jaden nou yo bay bèl rekòt. Paske, Seyè a va pran plezi ankò pou l' fè nou viv ak kè kontan, menm jan li te pran plezi fè sa pou zansèt nou yo. **10** Men, n'a gen pou nou koute Seyè a, Bondye nou an, n'a gen pou nou kenbe tout kòmandman li yo ak tout regleman li yo, tou sa ki ekri nan liv lalwa a. Wi, se pou nou tounen vin jwenn Seyè a, Bondye nou an, ak tout kè nou, ak tout nanm nou. **11** Kòmandman m'ap ban nou jòdi a, se pa bagay nou pa kapab fè, bagay nou pa ka rive fè. **12** Se pa nan syèl la li ye pou n' ta di: Kilès ki pral moute al chache l' nan syèl la pou fè nou tande l', pou n' ka fè sa l' mande nou fè a? **13** Se pa lòt bò lanmè li ye non plis pou nou ta di: Kilès ki pral janbe lanmè al chache l' pou nou ka tande sa l' di, pou nou ka fè sa l' mande nou fè a? **14** Non. Li la toupre nou. Li nan bouch nou, li nan tèt nou pou nou ka fè sa l' mande nou fè a. **15** Gade. Jòdi a mwen mete devan nou lavi ak benediksyon yon bò, lanmò ak madichon yon bò. Se nou ki pou chwazi. **16** Sa m'ap mande nou jòdi a, se pou nou renmen Seyè a, Bondye nou an, se pou nou viv jan li vle l' la, se pou nou fè tou sa li mande nou fè nan kòmandman li yo, nan lòd li yo ak nan regleman li yo. Konsa, n'a gen lavi, n'a gen anpil pitit. Seyè a, Bondye nou an, va beni nou nan peyi nou pral pran pou rele nou pa nou an. **17** Men, si nou vire do ba li, si nou derefize koute l', si nou kite yo pran tèt nou pou n' al mete ajenou devan lòt bondye, pou n' al fè sèvis pou yo, **18** m'ap avèti nou depi koulye a: nou tout gen pou mouri. Nou p'ap viv lontan nan peyi lòt bò larivyè Jouden kote nou pral antre pou nou pran pou nou an. **19** Mwen pran syèl la ak latè a sèvi m' temwen jòdi a: Men li, mwen mete devan nou lavi yon bò, lanmò yon bò, benediksyon yon bò, madichon yon bò pou nou chwazi. Chwazi lavi tande, pou nou ka viv, nou menm ansanm ak tout pitit nou yo. **20** renmen Seyè a, Bondye nou an. Koute l'. Pa lage l' menm, paske se li menm ki tout lavi nou, se li k'ap fè nou viv lontan nan peyi Seyè a te fè pwomès li t'ap bay Abraram, Izarak ak Jakòb, zansèt nou yo.

31 Moyiz pale ankò ak tout pèp Izrayèl la, li di yo: **2** -Koulye a, mwen gen sanventan sou tèt mwen. Mwen pa gen fòs pou m' fè anyen ankò. Lèfini, Seyè a te tou di m' mwen p'ap janbe lòt bò larivyè Jouden an. **3** Seyè a, Bondye nou an, se li menm ki pral pran devan nou. L'ap detwi tout nasyon sa yo devan je nou pou nou ka pran peyi yo pou nou: Se Jozye ki va mache devan nou, jan Seyè a te di l' la. **4** Seyè a va detwi nasyon sa yo nèt, menm jan li te detwi Siyon ak Og, wa peyi Amori yo, ansanm ak tout moun nan peyi yo a nèt ale. **5** Seyè a pral lage yo nan men nou. Lè sa a, se pou nou aji avèk yo jan Seyè a te ban nou lòd aji ak yo a. **6** Se pou nou vanyan. Se pou nou mete gason sou nou! Nou pa bezwen pè. Pa tranble lè yo parèt devan nou. Seyè a, Bondye nou an, kanpe la avèk nou. Li p'ap janm lage nou, li p'ap janm kite nou pou kont nou. **7** Apre sa, Moyiz rele Jozye, li pale avè l' devan tout pèp Izrayèl la, li di l' konsa: -Mete gason sou ou! Se pou ou vanyan! Paske se ou menm ki pral alatèt pèp la pou l' antre pran peyi Seyè a te fè sèman l'ap bay zansèt yo a. **8** Seyè a va pran devan ou, l'a kanpe la avè ou. Li p'ap janm lage ou, li p'ap kite ou pou kont ou: Ou pa bezwen pè. Ou pa bezwen tranble. **9** Apre sa, Moyiz ekri tout lalwa a, epi li renmèt li bay prèt yo, moun fanmi Levi yo ki te reskonsab Bwat Kontra Seyè a, ansanm ak tout chèf fanmi pèp Izrayèl la. **10** Moyiz ba yo lòd sa a: -Chak sètan, lè lanne pou yo renmèt dèt yo va rive, pandan y'ap fete fèt Joupa yo. **11** lè tout pèp Izrayèl la va vin adore Seyè a, Bondye nou an, nan kote li te chwazi pou sa a, n'a li tout liv lalwa a byen fò devan yo tout, pou yo ka tande l' nan zòrèy yo. **12** N'a sanble tout moun, fanm kou gason, timoun kou granmoun, ansanm ak moun lòt nasyon k'ap viv nan lavil nou yo, pou yo ka

tande l', pou yo ka aprann gen krentif pou Seyè a, Bondye
nou an, pou yo kenbe lalwa a, epi pou yo fè tou sa ki
ladan l'. 13 Se konsa, pitit yo ki pa t' janm konn lalwa a va
tande l'. Y'a aprann gen krentif pou Seyè a, Bondye nou
an, chak jou pandan tout tan n'ap viv nan peyi nou pral
pran pou nou an, lè n'a janbe lòt bò larivyè Jouden an. 14
Lè sa a, Seyè a di Moyiz konsa: -Ou pa lwen mouri. Rele
Jozye. Vini ansanm avè l' nan Tant Randevou a pou m' ka
ba li lòd sa pou l' fè. Se konsa, Moyiz ak Jozye al kanpe
nan Tant Randevou a. 15 Seyè a parèt devan yo anndan
Tant Randevou a, nan yon nwaj ki te gen fòm yon gwo
poto devan pòt tant lan. 16 Seyè a di Moyiz: -Ou pral
mouri. Ou pa lwen al jwenn zansèt ou yo ki mouri deja.
Men, apre ou fin mouri, pèp la pral leve, yo pral vire do
ban mwen pou y' al kouri dèyè lòt bondye y'ap sèvi nan
peyi lòt nasyon kote nou pral antre a. Wi, yo pral lage m',
yo pral kase kontra m' te pase avèk yo a. 17 Lè sa va
rive, m'a fè yon sèl kòlè anwo yo, m'a lage yo tout, mwen
p'ap okipe yo ankò. Se peri y'a peri. Tout kalite malè ak
lafliksyon pral tonbe sou yo. Se lè sa a y'a blije rekonèt
se paske Bondye yo a pa la nan mitan yo ankò kifè tout
malè sa yo rive yo. 18 Men malgre sa, mwen menm m'a
refize ede yo paske yo te fè twòp bagay mal lè yo te al
kouri dèyè lòt bondye. 19 Koulye a, ekri chante sa a. W'a
moutre tout moun pèp Izrayèl yo li, pou l' ka nan bouch yo
tout, epi pou l' sa sèvi m' temwen kont yo. 20 Lè m'ap
fè yo antre nan peyi mwen te pwomèt bay zansèt yo a,
peyi kote lèt ak siwo myèl ap koule tankou dlo a, m'a fè
yo manje plen vant yo, y'a viv alèz. Men, y'a kouri dèyè
lòt bondye, y'a sèvi yo. Men mwen menm, y'a voye m'
jete, y'a kraze kontra mwen te pase ak yo a. 21 Konsa, lè
tout kalite malè ak lafliksyon va tonbe sou yo, chante sa
a va sèvi m' temwen, l'ap toujou nan bouch yo, paske
pitit yo p'ap janm bliye l'. Wi, depi koulye a, anvan menm
mwen fè yo antre nan peyi mwen te pwomèt yo a, mwen
konnen sa yo gen nan tèt yo. 22 Menm jou sa a, Moyiz
ekri chante a epi li moutre tout moun pèp Izrayèl yo li. 23
Apre sa, Seyè a bay Jozye, pitit gason Noun lan, lòd li yo.
Li di l' konsa: -Mete gason sou ou. Se pou ou vanyan.
Paske se ou menm ki pou fè moun pèp Izrayèl yo antre
nan peyi mwen te pwomèt m'ap ba yo a. M'ap kanpe la
avè ou. 24 Lè Moyiz fin ekri tout pawòl lalwa Bondye a
nan yon liv san li pa sote anyen, 25 li rele moun Levi ki te
reskonsab pou pote Bwat Kontra Seyè a, li di yo konsa:
26 -Pran liv lalwa a, mete l' sou kote Bwat Kontra Seyè a,
Bondye nou an. L'a rete la, l'a sèvi temwen kont nou. 27
Mwen konnen jan nou gen tèt di, jan nou pa vle koute. Si
koulye a, pandan mwen vivan ankò nan mitan nou an,
nou te kenbe tèt ak Seyè a konsa, lè m'a mouri menm se
va pi rèd. 28 Sanble bò kote m' tout chèf fanmi nou yo ak
tout chèf branch fanmi nou yo pou m' fè yo tande pawòl
sa yo. Mwen pral pran syèl la ak latè a sèvi m' temwen sa
mwen pral di nou la a. 29 Paske mwen konnen, lè m'a
mouri, nou pral lage kò nou nan fè move bagay, nou pral
kite chemen mwen te louvri devan nou an. Lè sa a, malè
pral tonbe sou nou, paske nou te fè sa ki mal nan je Seyè
a, nou te eksite kòlè li avèk tout move bagay nou t'ap fè
yo. 30 Lè sa a, Moyiz pran resite byen fò tout chante sa
a, depi nan konmansman jouk li bout, devan tout moun
pèp Izrayèl yo ki te reyini pou yo te ka tande sa l'ap di a.

32 Ou menm syèl, tande sa mwen pral di la a! Koute
byen, ou menm latè, pawòl ki pral soti nan bouch
mwen! 2 Sa m'ap di a pral tonbe tankou grenn lapli! Pawòl
mwen yo pral tankou lawouze k'ap tonbe sou latè. Pawòl
nan bouch mwen pral tankou bèl lapli k'ap tonbe sou jenn
plant yo, tankou yon ti lapli nò k'ap tonbe sou zèb gazon.
3 Mwen pral fè lwanj Seyè a! Rekonèt jan Bondye nou an
gen pouvwa! 4 Se Seyè a k'ap pwoteje nou. Tou sa li fè
bon nèt. Li pa nan patipri nan anyen l'ap fè. Bondye nou
an ap toujou kenbe pawòl li Li pa nan bay manti. Li fè sa
ki dwat, li pa fè ankenn lenjistis. 5 Se yo menm, pèp li a,
ki pa kenbe pawòl yo, bagay yon bon pitit Bondye pa ta
janm fè. Se yon bann mechan k'ap mache twonpe moun.
6 Se konsa nou di Seyè a mèsi pou sa l' fè pou nou, bann
moun fou san konprann? Se pa li ki papa nou? Se pa li ki
kreye nou? Se pa li ki fè nou sa nou ye a? Se pa li ki ban
nou lavi? 7 Chonje tan lontan! Repase tèt nou sou tan
lontan! Mande papa nou pou li di nou sak te pase. Mande
granmoun lontan yo rakonte nou istwa tan lontan. 8 Lè
Bondye ki anwo nan syèl la t'ap bay chak nasyon pòsyon
ki pou yo, lè li t'ap bay kote pou chak moun rete sou latè,
li fikse fwontyè tout peyi dapre kantite moun li te mete sou
latè. 9 Men, li chwazi pitit Jakòb yo pou li. Se yo ki pèp pa
l' la menm. 10 Li te jwenn yo nan dezè a, kote moun pa
rete, kote van an ap soufle san rete. Li pran yo nan bra l',
li pran swen yo, li pwoteje yo tankou de grenn je nan tèt li.
11 Tankou malfini k'ap moutre pitit li vole, Seyè a ap plane
anwo pitit li yo. Li louvri zèl li yo pou li ka pran swen yo, li
pote yo sou do l' pou yo pa tonbe. 12 Seyè a sèl chèf yo.
Li pa bezwen lòt bondye pou ede l'. 13 Li fè yo mache an
grannèg sou tèt mòn peyi a. Li fè yo manje grenn bwa
nan savann. Yo jwenn siwo myèl nan tou wòch pou yo
bwè. Pye oliv yo donnen nan wòch karyann. 14 Bèf yo ak
mouton yo ap bay lèt an kantite. Y'a manje vyann mouton
gra, vyann belye Bazan ak vyann bouk kabrit. Y'a manje
pi bon kalite farin frans, y'a bwè ji rezen pou diven. 15 Pitit
Jakòb yo manje plen vant yo! Yo vin gra, y'ap pete nan po
yo, yo konmanse voye pye. Yo voye Bondye ki te fè yo a
jete. Yo vire do bay Bondye ki t'ap pwoteje yo a, Bondye
ki te delivre yo a. 16 Y' al adore bondye lòt nasyon. Yo fè
Seyè a fè jalouzi, y' al fè sa ki mal, yo fè l' fè kòlè. 17 Y' al
ofri bèt pou yo touye bay zidòl ki pa bondye tout bon, yon
kalite bondye yo pa t' janm konnen anvan, lòt bondye ki
fèk parèt, bondye zansèt yo pa t' janm gen krentif. 18 Yo
bliye Bondye ki te pwoteje yo, Bondye ki papa yo a. Yo pa
chonje Bondye ki te fè yo, Bondye ki te ba yo lavi a. 19
Lè Seyè a wè sa, li fache. Li fè kòlè sou pitit gason l' yo
ak sou pitit fi l' yo! 20 Li di: mwen pral vire do m' ba yo.
M'a wè sa ki pral rive yo. Se yon bann moun ki plen vis,
yon bann pitit ou pa ka fin fye nèt. 21 Yo fè m' fè jalouzi,

y' al adore yon bondye ki pa bondye tout bon. Yo fè m'
fè kòlè, y' al fè sèvis pou zidòl ki pa vo anyen. Enben,
mwen menm, mwen pral fè yo fè jalouzi pou yon pèp ki pa
menm yon pèp. M'ap fè yo fè kòlè pou yon nasyon moun
ki san konprann. **22** Lè m' an kòlè, se tankou yon gwo
dife k'ap flanbe. Mwen boule tou sa ki sou latè. Mwen
desann byen fon kote mò yo ye anba tè a. M'ap mete dife
jouk nan rasin mòn yo. **(Sheol h7585)** **23** M'ap fè yon seri
malè tonbe sou yo. M'ap voye tout flèch mwen yo sou yo.
24 Y'a mouri grangou. Lafyèb va fini ak yo. Move maladi
va minen yo. M'a voye bèt nan bwa atake yo. M'a voye
sèpan ak pwazon venen pou touye yo. **25** Nan lari, y'a
touye pitit pitit gason yo nan goumen. Moun ki anndan
kay va sitèlman pè, kè yo va rete. Jenn gason ak jenn fi
va mouri menm jan an tou. Depi timoun nan tete jouk
granmoun cheve blan, pesonn p'ap chape. **26** Mwen te di
mwen tapral detwi yo nèt, pou pesonn pa janm chonje
yo ankò sou latè. **27** Men, mwen pa ta vle kite lènmi yo
pran pye sou yo. Mwen pa ta renmen pou moun ki pa vle
wè m' yo mete nan tèt yo se yo menm ak fòs kouraj yo
ki fè sa, pou yo pa di: Seyè a pa gen anyen pou l' wè
nan sa. **28** Pèp Izrayèl la, se yon pèp ki pèdi bonnanj yo.
Yo pa gen konprann. **29** Si yo te gen konprann, yo ta
louvri je yo, yo ta wè sa ki pral rive yo. **30** Kouman ou ta
vle pou yon sèl grenn lènmi fè mil ladan yo kouri, pou
de grenn lènmi fè dimil ladan yo kraze rak? Se sèlman
paske Seyè a lage yo, paske moun ki te konn pwoteje yo
a vire do ba yo. **31** Lènmi yo konn byen pwòp bondye
k'ap pwoteje yo a pa ka parèt devan Bondye pèp Izrayèl
la. **32** Ou ta di se menm ras moun Sodòm ak Gomò yo
ye. Yo tankou pye rezen k'ap donnen rezen anmè, rezen
ki plen pwazon. **33** Diven yo tankou pwazon nan bouch
sèpan, venen nan bouch sèpan aspik k'ap touye moun
frèt. **34** Seyè a konnen tou sa lènmi te fè pèp la. L'ap tann
lè a rive pou l' pini yo. **35** Se Seyè a k'ap tire revanj sou
yo, se li k'ap fè yo peye sa yo fè a, lè lè a va rive pou yo
tonbe. Jou pou yo detwi yo a pa lwen. Sa ki pare pou yo a
fin rive. **36** Seyè a pral pran defans pèp li a, lè l'a wè tout
fòs yo fin desann. Li pral gen pitye pou sèvitè l' yo, lè l'a
wè pa gen anpil ankò ki rete, ni anndan peyi a, ni deyò.
37 Lè sa a, Seyè a va mande: -Kote bondye yo a, sa ki te
konn pwoteje yo a? bondye yo te konn al jwenn pou pran
defans yo a? **38** Se pa yo ki te konn manje grès bèt nou
te konn ofri yo? Se pa yo ki te konn bwè diven nou te
konn vide sou lòtèl yo? Se pou yo vin koulye a, se pou
yo vin delivre nou! Se pou yo kouri vin pwoteje nou! **39**
Se mwen menm, mwen menm sèl ki Bondye. Pa gen lòt
bondye pase mwen menm. Mwen bay lavi, mwen pran
lavi jan m' vle. Lè mwen bay maladi, se mwen ki pou bay
gerizon. Pa gen moun ki ka delivre pesonn anba men
mwen. **40** Men m'ap leve men m' anlè, mwen fè sèman:
Menm jan nou wè m' vivan pou tout tan an, **41** lè m'a file
bèl nepe klere mwen an, lè m'a soti pou m' rann jistis, m'a
tire revanj mwen sou lènmi m' yo, m'a bay moun ki pa vle
wè m' yo sa yo merite. **42** Flèch mwen yo pral tranpe nan
san, nan san moun blese yo ak san prizonye yo. Nepe
mwen ap koupe moun san gad dèyè, l'ap koupe tèt tout
chèf lènmi yo. **43** Nou menm nasyon ki sou latè, fè kè nou
kontan ak pèp Bondye chwazi a! Paske Seyè a pral tire
revanj pou lanmò sèvitè l' yo. L'a bay moun ki pa vle wè l'
yo sa yo merite. L'a wete tout vye bagay ki t'ap fèt nan
peyi pèp li a. **44** Moyiz ak Jozye, pitit gason Noun lan, te
repete tout pawòl chante sa a byen fò pou tout pèp la te
tande. **45** Lè Moyiz fin bay pèp Izrayèl la tout pawòl sa
yo, **46** li di yo konsa: -Se pou nou koute tout kòmandman
m'ap ban nou jòdi a. Y'a sèvi m' temwen mwen te fè nou
konnen yo. Nou menm, n'a pase pitit nou yo lòd pou yo
kenbe yo, pou yo swiv tout pawòl ki nan lalwa Bondye
a. **47** Paske, se pa pawòl nou ka pran konsa konsa. Se
lavi yo ye pou nou. Se yo menm k'ap fè nou viv lontan
nan peyi nou pral pran pou nou an, lè n'a fin janbe lòt bò
larivyè Jouden an. **48** Menm jou sa a, Seyè a pale ak
Moyiz, li di l' konsa: **49** -Ale nan chenn mòn Abarim yo,
ki nan peyi Moab anfas lavil Jeriko a. Moute sou mòn
Nebo. Antan ou la, w'a voye je ou, w'a gade, w'a wè peyi
Kanaran an, peyi mwen pral bay moun pèp Izrayèl yo pou
yo rete a. **50** Ou pral mouri sou mòn kote ou pral moute
a, ou pral jwenn moun pa ou yo ki deja mouri, menm jan
sa te rive Arawon, frè ou la, ki te mouri sou mòn Or la, epi
ki te al jwenn moun pa l' yo ki deja mouri. **51** Nou tou de,
nou pa t' fè sa m' te di nou fè devan pèp Izrayèl la, lè yo
te bò sous dlo Meriba yo, bò lavil Kadès, nan dezè Zin
lan. Nou te manke m' respe devan tout pèp Izrayèl la.
52 Se poutèt sa, w'a rete byen lwen, w'a wè peyi mwen
pral bay moun pèp Izrayèl yo anba nan pye ou. Men ou
menm, ou p'ap mete pye ou ladan l'.

33 Men benediksyon Moyiz, sèvitè Bondye a, te bay
moun pèp Izrayèl yo anvan li mouri. **2** Li di: -Seyè
a soti mòn Sinayi, li leve tankou solèy lòt bò peyi Seyi.
L'ap klere depi sou tèt mòn Paran an. Li rive jouk Meriba
nan peyi Kadès. Sou bò dwat li yon flanm dife. **3** Seyè
a renmen tout pèp sou latè. Men, li pwoteje tout moun
k'ap viv apa pou li. Yo bese nan pye l'. Yo resevwa lòd
l'ap ba yo. **4** Moyiz ban nou lalwa. Se yon byen li kite
pou tout fanmi Jakòb la. **5** Seyè a te wa nan mitan pèp
Izrayèl la lè tout chèf pèp la te reyini, lè tout branch fanmi
pèp Izrayèl la te sanble. **6** Men sa li di pou branch fanmi
Woubenn lan: Se pou Woubenn viv lontan! Fanmi li p'ap
janm disparèt, malgre li pa gen anpil moun. **7** Men sa li di
pou branch fanmi Jida a: Seyè, koute vwa moun fanmi
Jida yo! Fè yo mete tèt yo ansanm ankò ak rès pèp la.
Goumen pou yo, Seyè! Se pou ou ede yo lè y'ap batay ak
lènmi l' yo. **8** Men sa li di pou branch fanmi Levi a: Seyè!
Se ou menm ki pou fè yo konnen volonte ou. Y'ap sèvi ou
san lage. Ou te sonde yo bò Masa. Ou te kenbe tèt ak yo
bò sous dlo Meriba yo. **9** Yo pa konn papa! Yo pa konn
manman! Yo pa konn frè! Yo pa konn pitit! Se lòd ou yo
y'ap swiv, se kontra ou la y'ap kenbe fèm. **10** Y'a moutre
pitit Jakòb yo regleman ou yo. Y'a moutre pitit Izrayèl yo

lalwa ou la. Y'a boule lansan devan ou, y'a ofri sou lòtèl
bèt yo touye pou boule nèt pou ou. 11 Seyè, ba yo anpil
kouraj! Se pou yo fè ou plezi nan tou sa y'ap fè! Kase
ren moun ki pa vle wè yo. Se pou lènmi l' yo pa ka leve
tèt ankò. 12 Men sa li di pou branch fanmi Benjamen
an: Se moun Seyè a renmen anpil. Y'a viv ak kè poze
bò kote l'. Bondye ki anwo nan syèl la va toujou pwoteje
yo, l'a moute kay li nan mitan yo. 13 Men sa li di pou
branch fanmi Jozèf la: Se pou Seyè a beni peyi ki pou yo
a. L'a voye bonkou lapli sot nan syèl la, l'a fè sous dlo
pete toupatou. 14 L'a fè pyebwa ki donnen chak lanne
bay bon rekòt. L'a fè pyebwa ki donnen chak sezon bay
bon fwi. 15 L'a fè vye mòn yo bay bèl rekòt. L'a fè vye
tè mòn yo bay pi bon manje ki genyen. 16 L'a fè tè yo
a bay tout kalite bon rekòt. Bondye ki te pale nan touf
raje a va ba yo favè l'. Se pou tout benediksyon sa yo
tonbe sou tèt Jozèf, paske nan tout pitit papa li yo, se li
menm yo te chwazi. 17 Li byen kanpe tankou premye pitit
yon towo bèf. L'ap gen fòs kouraj yon bèf savann. L'ap
bat tout pèp ki sou latè ak kout kòn, l'ap kouri dèyè yo
jouk nan dènye bout latè. Wi, se sa tout milyon moun
Efrayim yo ak tout kantite moun Manase yo pral fè. 18
Men sa li di pou branch fanmi Zabilon an ak branch fanmi
Isaka a: Nou menm moun Zabilon yo, se pou trafik sou
lanmè nou mache byen. Nou menm moun Isaka yo, se
pou komès n'ap fè lakay nou mache byen tou. 19 Yo rele
tout moun lòt nasyon yo vin sou mòn lan. Se la y'a fè
ofrann Bondye mande yo, paske yo fè tout lajan yo sou
lanmè, nan komès yo fè sou lanmè ak nan trafik lakòt y'ap
fè toupatou. 20 Men sa li di pou branch fanmi Gad la:
Lwanj pou Bondye ki bay Gad anpil tè pou l' rete. Gad
kouche tankou yon lyon k'ap veye, pou l' dechire yon bra,
yon tèt, yon figi. 21 Yo pran pi bon venn tè a pou yo.
Se pòsyon tè ki toujou vin pou chèf. Se yo k'ap mache
devan pèp la. Yo fè tou sa Seyè a te mande, yo swiv tout
regleman Seyè a te bay pèp Izrayèl la. 22 Men sa li di
pou branch fanmi Dann lan: Dann se yon jenn ti lyon k'ap
kouri soti peyi Bazan. 23 Men sa li di pou branch fanmi
Neftali a: Neftali resevwa kont benediksyon l'. Seyè a fè l'
anpil anpil favè. Pòsyon tè yo ap soti bò letan an, l'ap
desann jouk nan pwent sid peyi a. 24 Men sa li di pou
branch fanmi Asè a: Nan tout pitit Jakòb yo, benediksyon
pou Asè! Tout frè li yo ap renmen l'. Se pou tè li yo rich
ak pye oliv. 25 Se pou pòtay lavil li yo fèt an fè ak an
asye, pou li ka toujou viv ak kè poze. 26 Pa gen tankou
Bondye moun pèp Izrayèl la. Li kouri sou nwaj yo nan syèl
la pou l' vin pote yo sekou avèk fòs ponyèt li. 27 Bondye
ki la pou tout tan an ap pwoteje nou. L'ap pran dèfans
nou ak pouvwa li ki p'ap janm fini. L'ap fè lènmi nou yo
kouri met deyò devan nou, l'ap ban nou lòd pou nou detwi
yo nèt. 28 Pèp Izrayèl la ap viv ak kè poze. Moun pèp
Izrayèl yo p'ap viv tankou lòt nasyon yo. Y'ap viv nan
yon peyi k'ap bay anpil farin ak diven, nan yon peyi kote
ki p'ap janm manke lapli. 29 Ala bon sa bon pou nou,
moun pèp Izrayèl! Pa gen tankou nou! Se Seyè a menm
ki delivrans nou! Se li ki pwoteksyon nou! Se li ki defans
nou! L'ap mache devan nou pou l' fè nou genyen batay la.
Lènmi nou yo va vin mande padon nan pye nou. Men nou
menm, n'a kraze sa ki fè lògèy yo a anba pye nou.

34 Moyiz kite plenn Moab yo, li moute sou mòn Nebo
a, sou tèt mòn Pisga a ki anfas lavil Jeriko a. Antan
li la, Seyè a fè l' wè tout peyi a, depi zòn Galarad la rive
jouk pòsyon tè ki pou Dann lan, 2 tout pòsyon ki pou
Neftali a, tout peyi Efrayim lan ak peyi Manase a, tout peyi
Jida a rive sou lanmè Mediterane a, 3 tout zòn Negèv la,
fon larivyè Jouden an, depi plenn Jeriko, lavil pye koko
ginen yo, desann jouk lavil Zoa. 4 Seyè a di li konsa: -
Men peyi mwen te pwomèt Abraram, Izarak ak Jakòb
mwen t'ap bay pitit pitit yo k'ap vin apre yo a. Mwen fè ou
wè l' ak je ou, men ou p'ap antre ladan l'. 5 Se la Moyiz,
sèvitè Seyè a, te mouri nan peyi Moab la, jan Seyè a te di
li t'ap mouri a. 6 Seyè a antere l' nan peyi Moab la, nan
fon ki anfas Bèt-Peyò a. Jouk jòdi a, pesonn pa konnen ki
kote li antere. 7 Lè Moyiz mouri, li te gen sanventan. Li
te wè byen nan je l' toujou, li te byen enganm toujou. 8
Moun pèp Izrayèl yo pase trant jou nan plenn Moab yo ap
kriye lanmò li. Apre sa, yo fini ak tan yo t'ap pase ap kriye
pou lanmò Moyiz la. 9 Jozye, pitit gason Noun lan, te vin
gen anpil bon konprann sou li, paske Moyiz te mete men
sou tèt li. Moun Izrayèl yo koute tou sa Jozye di yo. Yo fè
tou sa Seyè a te bay Moyiz lòd pou yo fè a. 10 Depi lè sa
a, pa janm gen lòt pwofèt konsa ankò ki parèt nan mitan
pèp Izrayèl la tankou Moyiz. Seyè a te konn pale avè l' fas
pou fas. 11 Pa gen lòt pwofèt ki janm fè tout mirak ak tout
mèvèy sa yo Seyè a te voye l' al fè nan peyi Lejip, kont
farawon an, kont moun k'ap sèvi gouvenman l' yo ak tout
moun ki te nan peyi a. 12 Pa gen lòt pwofèt ki janm gen
menm pouvwa sa a pou fè tout kalite gwo bagay sa yo
Moyiz te fè devan tout pèp Izrayèl la.

Jozye

1 Apre Moyiz, sèvitè Seyè a, mouri, Seyè a pale ak
Jozye, pitit gason Noun lan, ki te aladwat Moyiz nan
tou sa li t'ap fè. Li di l' konsa: **2** -Koulye a, Moyiz, sèvitè
m' lan, mouri. Pare kò ou, ou menm ansanm ak tout pèp
Izrayèl la. Nou pral janbe lòt bò larivyè Jouden an pou
nou ka antre nan peyi m'ap ban nou an. **3** Jan mwen te di
Moyiz la, mwen pral ban nou tout peyi kote nou pral mete
pye nou an. **4** Peyi a pral konmanse depi nan dezè a
sou bò nan sid, jouk mòn Liban nou wè laba a, nan nò.
L'ap pran tout peyi moun Et yo, depi larivyè Lefrat sou bò
solèy leve, jouk gwo lanmè a sou bò solèy kouche. **5**
Pandan tout rès vi ou, pesonn p'ap ka kenbe tèt ak ou.
M'ap toujou kanpe la avèk ou, menm jan mwen te toujou
la avèk Moyiz. Mwen p'ap vire do ba ou, mwen p'ap janm
lage ou. **6** Mete gason sou ou! Pa janm dekouraje, paske
se ou menm ki pral fè pèp la antre pran peyi mwen te
fè sèman m'ap bay zansèt yo a. **7** Wi. Sèl bagay mwen
mande ou, se mete gason sou ou, pa janm dekouraje.
Veye kò ou pou ou mache dapre tout lòd Moyiz, sèvitè
m' lan, te ba ou yo. Pa janm neglije anyen nan sa li te
di ou, pou zafè ou ka mache byen kote ou pase. **8** Se
pou pawòl ki nan liv lalwa a toujou nan bouch ou. Se pou
w'ap kalkile yo nan tèt ou lajounen kou lannwit, pou ou
ka viv dapre sa ki ekri nan liv la. Se konsa w'a mennen
bak ou byen. Tout zafè ou va mache byen. **9** Chonje lòd
mwen te ba ou! Mete gason sou ou! Pa janm dekouraje!
Ou pa bezwen tranble, ou pa bezwen pè, paske Seyè a,
Bondye ou la, ap toujou kanpe la avèk ou kote ou pase.
10 Lè sa a, Jozye rele tout chèf pèp la. Li ba yo lòd sa a:
11 -Mache nan tout kan an. Bay pèp la lòd pou yo pare
tout zafè yo, paske nan twa jou nou pral janbe lòt bò
larivyè Jouden an pou nou antre nan peyi Seyè a, Bondye
nou an, ap ban nou pou peyi pa nou. **12** Apre sa, Jozye
pale ak moun branch fanmi Woubenn yo ak moun branch
fanmi Gad yo ansanm ak mwatye moun nan branch fanmi
Manase a. Li di yo: **13** -Chonje lòd Moyiz, sèvitè Seyè a,
te ban nou lè li te di nou: Seyè a, Bondye nou an, ap ban
nou tè bò isit la pou nou tabli, pou nou viv ak kè poze. **14**
Madanm nou, pitit nou ak tout bèt nou yo pral rete nan
peyi Moyiz ban nou sou bò isit larivyè Jouden an, bò solèy
leve a. Men, nou menm gason yo, vanyan sòlda, se pou
nou pran zam nou nan men nou pou nou mache devan
tout rès pèp la, pou nou ka ede yo, si gen nesesite. **15** Lè
Seyè a va fin fè yo pran peyi a pou yo, lè l'a fin ba yo
yon kote pou yo viv ak kè poze, menm jan li te fè l' pou
nou an, se lè sa a atò n'a tounen nan peyi ki pou nou an.
Wi, n'a vin rete nan peyi pa nou an, peyi Moyiz, sèvitè
Bondye a, te ban nou lòt bò larivyè Jouden an, sou bò
solèy leve. **16** Yo tout yo reponn Jozye, yo di l': -Tou sa ou
ban nou lòd fè, n'ap fè l'! Kote ou voye nou, nou prale! **17**
Menm jan nou te toujou obeyi Moyiz, se konsa n'ap obeyi
ou tou. Sèl bagay, n'ap lapriyè pou Bondye toujou kanpe
avè ou menm jan li te kanpe ak Moyiz la. **18** Se pou yo
touye tout moun ki pa dakò ak lòd ou, osinon ki pa vle
obeyi lòd ou bay, osinon ki derefize fè sa ou mande yo fè.
Sèlman, met gason sou ou! Pa janm dekouraje!

2 Lè sa a, Jozye, pitit gason Noun lan, rete Sitim kote
yo te ye a, li voye de nèg an kachèt al wè jan sa ye
lavil Jeriko. Li di yo: -Ale vizite peyi a ak lavil Jeriko. Se
konsa mesye yo ale, yo antre lakay yon jennès ki te rele
Rarab. Se la yo desann. **2** Men, nouvèl la tonbe nan
zòrèy wa Jeriko a. Yo vin di l' konsa: -Gen kèk moun nan
pèp Izrayèl la ki antre isit la lannwit lan pou espyonnen
nou. **3** Lè wa a tande sa, li voye di Rarab konsa: -Mesye
ki vin lakay ou yo, se espyonnen yo vin espyonnen tou sa
k'ap fèt nan peyi a, tande! Mete yo deyò lakay ou. **4** Men,
fanm lan menm pa fè ni de ni twa, li pran de mesye yo, li
kache yo. Apre sa, li voye di wa a: -Wi, te gen kèk mesye
ki te vin lakay mwen. Mwen pa t' konnen ki bò yo soti. **5**
Men, lè yo tapral fèmen pòtay la apre solèy fin kouche,
mesye yo soti, y' ale fè wout yo. Mwen pa konn ki wout
yo fè. Si nou fè vit rapouswiv yo, n'a jwenn yo. **6** Men
madanm lan te fè de mesye yo moute sou teras anwo kay
li a, li te kache yo anba yon pakèt kòs bwa ki te blayi atè
sou teras la pou yo cheche. **7** Sòlda wa yo menm soti sou
wout ki mennen larivyè Jouden an, yo pati dèyè mesye yo
pou yo pran yo anvan yo rive nan pas la. Soti sòlda yo
soti, yo fèmen pòtay la. **8** Anvan mesye yo gen tan dòmi,
Rarab moute bò kote yo, sou teras la. **9** Li di yo: -Mwen
konnen Seyè a lage peyi a nan men nou. Mwen rekonèt
tout moun pè nou, tout moun nan peyi a pa konn sa pou
yo fè devan nou. **10** Paske, nou tande ki jan Seyè a te
cheche dlo Lanmè Wouj la devan nou lè nou t'ap soti kite
peyi Lejip la. Nou tande sa nou te fè Siyon ak Og, de
wa peyi Amori yo, ki rete lòt bò larivyè Jouden an, jan
nou te touye yo pou Seyè a. **11** Lè nou tande sa, kè nou
fann. Tout moun pèdi kouraj lè yo wè nou, paske Seyè a,
Bondye nou an, se li menm vre ki Bondye anwo nan syèl
la ak sou latè a. **12** Koulye a, m'ap mande nou pou nou fè
sèman devan Seyè a pou nou pwomèt n'ap aji byen avèk
fanmi mwen, menm jan mwen aji byen avèk nou tou. Men
sa m'ap mande nou pou nou fè pou mwen. **13** Tanpri,
sove lavi manman m' ak papa m', sove lavi frè m' yo ak sè
m' yo ansanm ak tout fanmi m' yo. Pa kite yo touye nou.
14 Mesye yo reponn li. -Nou pwomèt ou n'a pito mouri nou
menm pase pou n' kite yo touye ou. Si ou pa di pesonn sa
nou vin fè isit la, lè Seyè a va ban nou peyi a, n'a aji byen
avè ou, n'a kenbe pawòl nou. **15** Rarab te rete nan yon
kay ki te bati nan miray ranpa lavil la. Se konsa, li file yon
kòd desann nan fennèt lakay li a, li fè mesye yo desann
sou deyò. **16** Li di yo: -Ale nan mòn yo pou nou pa kontre
ak moun yo voye dèyè nou yo. N'a rete kache la pandan
twa jou. Sa va ba yo tan pou yo tounen. Apre sa, nou mèt
al fè wout nou. **17** Mesye yo di l': -N'ap kenbe pwomès
ou te fè nou fè ou la. **18** Tande byen. Lè n'a anvayi peyi
a, w'a mare kòdon wouj sa a nan fennèt kote ou fè nou
desann lan. W'a pran manman ou ak papa ou, frè ou yo
ak tout lòt moun ki nan fanmi ou lan, w'a fè yo reyini lakay

ou. 19 Lè sa a, nenpòt kilès ladan yo ki va soti lakay ou, sa ki rive l' se pa l'. Se p'ap fòt nou. Men, si anyen rive yon moun andedan lakay ou, se va fòt pa nou. 20 Konsa tou, si ou di yon moun sa nou te vin fè a, nou p'ap gen ankenn obligasyon kenbe pwomès nou te fè ou la ankò. 21 Fanm lan di yo: -Mwen dakò ak sa nou di a! Epi li voye yo ale, yo pati. Apre sa, li pran ti kòdon wouj la, li mare l' nan fennèt la. 22 De mesye yo menm ale, yo rive nan mòn yo. Yo rete kache la pandan twa jou. Moun yo te voye dèyè yo menm t'ap chache yo sou tout wout la, men yo pa jwenn yo. Bout pou bout, yo tounen lavil Jeriko. 23 Lè sa a, de mesye yo tounen, yo desann soti nan mòn yo, yo janbe larivyè Jouden an, y' al jwenn Jozye, pitit Noun lan, yo rakonte l' tou sa ki te rive yo. 24 Yo di l' konsa: -Seyè a lage tout peyi a nan men nou. Tout moun nan peyi a ap tranble tèlman yo pè nou.

3 Jozye leve granmaten, epi li menm ansanm ak tout pèp Izrayèl la yo kite Sitim kote yo te ye a, yo rive devan larivyè Jouden an. Epi yo pase nwit lan la anvan yo janbe lòt bò a. 2 Twa jou apre sa, chèf yo mache nan tout kan an. 3 Yo t'ap bay pèp la lòd sa pou yo fè. Yo t'ap di yo: -Lè n'a wè prèt yo ak moun Levi yo leve Bwat Kontra Seyè a, Bondye nou an, pou yo pati, n'a fè pakèt nou pou nou ka swiv yo. 4 Se konsa n'a konnen ki wout pou nou pran, paske nou poko janm pase bò isit la. Men, piga nou pwoche twò pre Bwat Kontra a. N'a kite yon distans senksan (500) mèt konsa ant li ak nou. 5 Apre sa, Jozye di pèp la: -Mete nou nan kondisyon pou nou fè sèvis pou Bondye, paske denmen Seyè a pral fè mèvèy devan je nou. 6 Jozye pale ak prèt yo, li di yo: -Pran Bwat Kontra a, epi pran devan pèp la sou wout la. Prèt yo pran Bwat Kontra a, epi yo pran devan pèp la. 7 Seyè a di Jozye konsa: -Sa mwen pral fè jòdi a pral fè tout pèp Izrayèl la respekte ou tankou yon grannèg. Yo pral konnen mwen kanpe la avè ou menm jan mwen te kanpe avèk Moyiz. 8 Ou menm, pase prèt k'ap pote Bwat Kontra a lòd sa a. Di yo lè y'a rive bò rivyè a, y'a antre nan dlo a, epi y'a rete toupre rivaj la. 9 Lè sa a, Jozye di moun pèp Izrayèl la: -Pwoche non: Vin tande sa Seyè a, Bondye nou an, gen pou di nou. 10 Lèfini, Jozye di yo konsa: -Jòdi a, nou pral konnen Seyè a, Bondye vivan an, nan mitan nou vre. Li pral chase devan nou moun Kanaran yo, moun Et yo, moun Evi yo, moun Ferezi yo, moun Gigach yo, moun Amori yo, moun Jebis yo. 11 Bwat Kontra Mèt tout latè a pral janbe lòt bò larivyè Jouden an anvan nou. 12 Chwazi douzòm, yonn nan chak branch fanmi pèp Izrayèl la. 13 Lè prèt k'ap pote Bwat Kontra Seyè a, Mèt tout latè a, va mete pye yo nan dlo larivyè Jouden an, larivyè a pral sispann koule desann, dlo a pral gonfle yon sèl kote bò tèt dlo a. 14 Se konsa, pèp la leve, yo kite kote yo te ye a. Yo pati pou janbe lòt bò larivyè Jouden an. Prèt yo pran devan pèp la avèk Bwat Kontra a. 15 Se te sezon rekòt, rivyè a t'ap desann, li te gonfle moute sou tout rivaj la. Lè prèt ki t'ap pote Bwat Kontra a rive bò larivyè Jouden an, yo mete pye yo nan dlo a. 16 Dlo ki t'ap koule desann lan sispann koule. Li gonfle yon sèl bò, bò anwo byen lwen, jouk Adam, lavil ki te toupre Zaretan an. Pa t' gen dlo ki t'ap koule desann nan lanmè Mouri a ankò. Se konsa pèp la janbe lòt bò larivyè a toupre lavil Jeriko. 17 Pandan pèp la t'ap janbe lòt bò san tak dlo pa mouye pye yo, prèt yo te rete kanpe nan mitan larivyè a avèk Bwat Kontra a. Pa t' gen tak dlo kote yo te ye a. Yo rete kanpe la jouk tout pèp la te fin pase nèt.

4 Lè tout moun fin janbe lòt bò larivyè Jouden an, Seyè a pale ak Jozye. Li di l' konsa: 2 -Chwazi douzòm, yonn nan chak branch fanmi yo. 3 W'a ba yo lòd pou yo chak pran yon wòch nan mitan larivyè Jouden an, kote prèt yo te kanpe a. Y'a pran douz wòch sa yo, y'a pote yo lòt bò larivyè a. N'a mete yo kote nou pral moute tant nou yo aswè a. 4 Lè sa a, Jozye fè rele douz mesye li te chwazi pami moun pèp Izrayèl yo, yonn pou chak branch fanmi yo. 5 Epi li di yo: -Ale devan Bwat Kontra Seyè a, Bondye nou an, ki nan mitan larivyè a. Chak moun va pran yon wòch mete sou zepòl yo, yonn pou chak branch fanmi pèp Izrayèl la. 6 Wòch sa yo va sèvi pou fè pèp la chonje sa Seyè a te fè pou yo. Denmen, lè pitit nou yo va mande nou kisa wòch sa yo vle di pou nou, 7 n'a reponn yo: Dlo larivyè Jouden an te sispann koule devan Bwat Kontra Seyè a. Wòch sa yo la pou pèp Izrayèl la ka toujou chonje dlo larivyè Jouden an te sispann koule lè yo t'ap janbe lòt bò larivyè a. 8 Mesye yo fè sa Jozye te ba yo lòd fè a. Jan Seyè a te di Jozye, yo pran douz wòch nan mitan larivyè Jouden an, yonn pou chak branch fanmi pèp Izrayèl la, yo pote yo avèk yo lòt bò rivyè a. Yo mete yo kote yo moute tant yo pou pase nwit lan. 9 Apre sa, Jozye pran douz lòt wòch, li mete yo kanpe nan mitan larivyè a, kote prèt ki t'ap pote Bwat Kontra yo te kanpe a. Wòch yo la jouk koulye a. 10 Prèt yo te rete kanpe avèk Bwat Kontra a sou zepòl yo, nan mitan larivyè a jouk yo fin fè tout sa Seyè a te bay lòd pou pèp la te fè, jan Moyiz te mande pou Jozye fè l' la. Se konsa, pèp la prese janbe lòt bò larivyè a. 11 Lè yo tout fin pase, prèt yo fè rès travèse a ak Bwat Kontra Seyè a, epi yo pran devan pèp la ankò. 12 Premye moun ki te janbe lòt bòt larivyè a, devan tout pèp la se te gason branch fanmi Woubenn yo, gason branch fanmi Gad yo ak mwatye nan gason branch fanmi Manase yo, jan Moyiz te di yo a. Yo te tou pare pou fè lagè. 13 Jou sa a, te gen antou karantmil (40.000) gason tou pare pou fè lagè ki te janbe al nan plenn Jeriko yo, devan je Seyè a. 14 Sa Seyè a te fè jou sa a te fè tout pèp Izrayèl la pran Jozye pou yon grannèg vre. Depi lè sa a yo respekte msye jouk li mouri, menm jan yo te respekte Moyiz la. 15 Apre sa, Seyè a pale ak Jozye, li di l' konsa: 16 -Bay prèt k'ap pote Bwat Kontra a lòd pou yo soti nan larivyè Jouden an. 17 Jozye pale ak prèt yo, li ba yo lòd sa a: -Moute soti nan larivyè Jouden an. 18 Soti prèt yo soti nan larivyè a, lè pye yo touche tè sèk sou rivaj la, dlo larivyè a konmanse koule ankò jan li te toujou koule anvan an. Li gonfle moute rive jouk sou rivaj

li yo. **19** Jou pèp la te janbe lòt bò larivyè Jouden an, se
te dizyèm jou nan premye mwa a. Y' al moute tant yo yon
kote ki rele Gilgal, ki te sou bò solèy leve lavil Jeriko. **20**
Se la Jozye pran douz wòch yo te pran nan mitan larivyè
Jouden an, li mete yo kanpe fè yon wonn. **21** Lè l' fini, li
di moun pèp Izrayèl yo konsa: -Denmen, lè pitit nou yo
va mande papa yo poukisa wòch sa yo la a, **22** n'a fè
pitit nou yo konnen pèp Izrayèl la te janbe lòt bò larivyè
Jouden an san pye yo pa t' mouye. **23** Paske Seyè a,
Bondye nou an, te cheche dlo larivyè Jouden an devan
nou jouk nou tout fin pase, menm jan li te cheche Lanmè
Wouj la devan zansèt nou yo jouk yo tout te fin pase. **24**
Se poutèt sa, tout moun sou latè va konnen jan Seyè a
gen pouvwa, lèfini nou menm n'a toujou gen krentif pou
Seyè a, Bondye nou an.

5 Lè tout wa peyi Amori yo ki te rete lòt bò larivyè
Jouden sou bò solèy kouche a ansanm ak tout wa peyi
Kanaran yo ki te rete sou tout rivaj gwo lanmè Mediterane
a vin konnen Seyè a te cheche dlo larivyè Jouden an pou
pèp Izrayèl la te pase larivyè a, yo vin pè anpil, yo pèdi
tout kouraj yo devan pèp Izrayèl la. **2** Lè sa a, Seyè a
pale ak Jozye, li di l' konsa: -Pran wòch dife, kase yo fè
zenglen pou sikonsi gason pèp Izrayèl ki fèt nan dezè a.
3 Se konsa, Jozye fè yon bann zenglen wòch byen file, li
sikonsi tout gason pèp Izrayèl la yon kote yo rele Bit po ti
kòk. **4** Li te fè sa paske tout gason ki te gen laj pou yo
pote zam lè yo te soti kite peyi Lejip la te mouri nan dezè
a pandan yo t'ap vwayaje a. **5** Tout gason ki te vivan lè yo
te soti kite peyi Lejip la te sikonsi. Men, ankenn nan gason
ki te fèt pandan yo t'ap vwayaje nan dezè a pa t' ankò
sikonsi. **6** Pèp Izrayèl la te pase karantan ap vwayaje nan
dezè a. Pandan tout tan sa a, tout gason ki te gen laj pou
fè lagè lè yo te soti kite peyi Lejip la te mouri, paske yo pa
t' koute Seyè a lè li te pale yo. Se konsa li te di yo li pa
t'ap kite yo yonn wè peyi li te pwomèt li t'ap bay zansèt
yo a, bon peyi kote lèt ak siwo myèl ap koule tankou
dlo a. **7** Men, li ba yo pitit pou ranplase yo. Se pitit sa
yo Jozye te sikonsi paske yo pa t' sikonsi yo lè yo t'ap
vwayaje nan dezè a. **8** Lè li fin sikonsi tout gason yo, tout
pèp la rete la kote yo te moute tant yo a, jouk yo te geri.
9 Apre sa, Seyè a di Jozye konsa: -Jòdi a mwen wete
wont yo te fè nou nan peyi Lejip la, mwen voye l' jete. Se
poutèt sa yo rele kote yo te ye a Gilgal jouk jòdi a. **10**
Antan pèp Izrayèl la te rete Gilgal nan plenn ki toupre
lavil Jeriko, yo fete Fèt Delivrans lan nan aswè katòzyèm
jou premye mwa a. **11** Nan denmen Fèt Delivrans lan,
yo manje manje yo rekòlte nan peyi a: grenn ble griye
ak pen kwit san ledven. **12** Apre sa, laman lan sispann
tonbe. Depi lè sa a, pèp Izrayèl la pa jwenn laman pou yo
manje ankò. Pandan tout lanne a yo manje manje yo te
rekolte nan peyi Kanaran an. **13** Yon jou, antan Jozye te
toupre lavil Jeriko a, li rete konsa, li wè yon nonm kanpe
devan l' avèk yon nepe nan men l'. Jozye mache sou li,
epi li mande l': -Ou se yonn nan moun pa nou yo osinon
yon lènmi? **14** Nonm lan reponn li: -M' pa ni yonn ni lòt.
Mwen se kòmandan an chèf lame Seyè a. Mwen fèk rive.
Jozye tonbe ajenou devan l', li bese tèt li jouk atè, li di l'
konsa: -Se sèvitè ou mwen ye, mèt. Kisa ou vle m' fè pou
ou? **15** Kòmandan an chèf lame Seyè a di l' konsa: -Wete
sapat nan pye ou. Kote ou kanpe a se yon kote ki apa
pou Bondye. Epi Jozye fè sa li di l' fè a.

6 Yo te fèmen tout pòtay lavil Jeriko yo, yo te barikade
yo poutèt moun pèp Izrayèl yo. Deyò pa antre, anndan
pa soti. **2** Seyè a di Jozye konsa: -Koute. Mwen pral lage
lavil Jeriko nan men ou ansanm ak wa a ak tout vanyan
sòlda li yo. **3** Ou menm ak tout sòlda pa ou yo, nou pral
mache fè wonn lavil la yon fwa chak jou pandan sis jou. **4**
Sèt prèt va mache devan Bwat Kontra a, avèk sèt kòn
belye pou kònen, yonn nan men yo chak. Men, setyèm
jou a, n'a mache fè wonn lavil la sèt fwa ansanm ak prèt
k'ap kònen kòn belye yo. **5** Lè n'a tande yon kout kòn
ki trennen, tout pèp la va pran pouse yon sèl rèl byen
fò. Miray ranpa lavil la pral tonbe plat atè. Lè sa a, chak
moun va mache dwat devan yo sou lavil la. **6** Se konsa,
Jozye, pitit gason Noun lan, rele prèt yo, li di yo: -Leve
Bwat Kontra a, mete l' sou zepòl nou. Sèt prèt va mache
devan l' avèk kòn belye yo nan men yo. **7** Apre sa, li di
pèp la: -Leve mache! Nou pral fè wonn lavil la. Pòsyon
lame ki pou mache devan an va pran devan Bwat Kontra
a. **8** Pèp la fè jan Jozye te ba yo lòd fè a. Sèt prèt yo
pran devan Bwat Kontra Seyè a, yo t'ap kònen kòn yo. **9**
Pòsyon lame ki pou mache devan an pran devan prèt ki
t'ap kònen yo. Pòsyon lame ki pou mache dèyè a t'ap
mache dèyè Bwat Kontra a. Pandan yo t'ap mache konsa,
yo t'ap kònen kòn belye yo. **10** Men, Jozye te bay pèp la
lòd pou yo pa t' pouse ankenn rèl jan yo te konn fè l' la lè
y'ap goumen. Se pou yo tout rete bouch fèmen, san di
yon mo, jouk lè l'a ba yo lòd pouse rèl goumen an. **11** Prèt
yo pati ak Bwat Kontra Seyè a, yo fè wonn lavil yon fwa.
Apre sa, yo tounen nan kan an epi yo pase nwit lan la. **12**
Nan denmen maten, Jozye leve, epi prèt yo pran Bwat
Kontra Seyè a ankò. **13** Sèt prèt yo avèk sèt kòn belye yo
t'ap mache devan Bwat Kontra a. Yo t'ap kònen. Pòsyon
lame ki pou devan an t'ap mache devan yo, pòsyon lame
ki pou mache dèyè a t'ap mache dèyè Bwat Kontra a:
yo t'ap kònen tout tan yo t'ap mache a. **14** Dezyèm jou
a, yo mache fè wonn lavil la ankò yon sèl fwa. Epi yo
tounen nan kan yo. Yo fè sa konsa pandan sis jou. **15** Sou
setyèm jou a, yo leve lè bajou kase, yo mache menm jan
an. Men, jou sa a yo fè wonn lavil la sèt fwa. Se jou sa a
ase yo te fè wonn lavil la sèt fwa. **16** Setyèm fwa a, apre
prèt yo fin kònen kòn belye yo, Jozye di pèp la konsa: -
Nou mèt rele koulye a! Seyè a lage lavil la nan men nou!
17 Nou pral ofri lavil la ak tou sa ki ladan l' tankou yon
ofrann pou Bondye. Nou pral touye dènye moun ki ladan
l'. Sèl moun ki va rete vivan, se va Rarab, jennès la, ak
tout moun ki va lakay li, paske li te kache mesaje nou te
voye yo. **18** Men, nou menm, pa mete men nou nan sa
nou gen pou nou detwi pou Seyè a. Si nou pran anyen
nan sa nou gen pou nou detwi a, n'ap lakòz malè tonbe

sou kay moun Izrayèl yo, n'ap lakòz tèt chaje vin pou tout
moun. 19 Tout bagay ki fèt an lò, an ajan, an fè osinon an
kwiv, n'a mete yo apa pou Seyè a. N'a depoze yo nan
depo richès Seyè a. 20 Se konsa, yo kònen kòn belye
yo. Tande pèp la tande son kòn belye yo, yo pouse yon
sèl gwo rèl, epi miray ranpa lavil la tonbe plat atè. Epi
chak moun pran mache dwat devan yo sou lavil la, yo
anvayi l'. 21 Yo ofri tou sa ki nan lavil la bay Seyè a. Avèk
nepe yo, yo touye tout moun nan lavil la, fanm kou gason,
granmoun kou timoun, tout bèf, tout mouton, tout bourik.
22 Jozye rele de mesye li te voye an kachèt al vizite lavil
Jeriko a, li di yo: -Ale lakay jennès la. Fè l' soti ak tout
fanmi li, jan nou te pwomèt li a. 23 Se konsa y' ale, yo fè
Rarab soti ansanm ak papa l', manman l', frè l' yo, tout rès
fanmi l' yo ak tou sa yo te genyen, yo enstale yo yon kote
andeyò kan moun Izrayèl yo. 24 Yo mete dife nan lavil la,
yo boule l' nèt ak tou sa ki ladan l', an wetan bagay ki te
fèt an lò, an ajan, an fè ak an kwiv yo. Yo pran yo, yo pote
yo nan depo richès Seyè a. 25 Men, Jozye te sove Rarab,
jennès la, ak tout fanmi l' yo ansanm ak tou sa ki pou yo,
paske Rarab te kache mesye Jozye te voye espyonnen
lavil Jeriko a. Moun fanmi Rarab yo ap viv jouk koulye a
nan mitan pèp Izrayèl la. 26 Lè sa a, Jozye bay avètisman
sa a pou tout moun, li di: -Madichon Bondye pou nenpòt
moun ki konprann pou l' ta rebati lavil yo rele Jeriko a. Si
yon moun mete men nan fondasyon l' yo, l'ap pèdi premye
pitit gason l' lan. Si yon moun remoute pòtay li yo, l'ap
pèdi dènye pitit gason l' la. 27 Se konsa Seyè a te kanpe
la avèk Jozye. Nan tout peyi a yo t'ap nonmen non l'.

7 Men, pèp Izrayèl la te dezobeyi lòd Seyè a te bay pou
yo pa t' pran anyen nan sa yo te gen pou yo detwi nèt
yo. Te gen yon nonm nan branch fanmi Jida a ki te rele
Akan. Se te pitit Kami. Kami sa a te pitit Zabdi, Zabdi te
pitit Zerak. Akan sa a te pran kichòy nan sa yo te gen
pou yo detwi nèt yo. Kifè Seyè a te move anpil sou pèp
Izrayèl la. 2 Jozye te voye kèk moun soti lavil Jeriko ale
bò Ayi, yon lavil ki te toupre Bèt Avenn, sou bò solèy leve
lavil Betèl. Li te di yo pou y' al wè jan sa ye nan peyi a.
Mesye yo ale vre, yo wè jan sa ye nan lavil Ayi. 3 Lè yo
tounen vin jwenn Jozye, yo di li: -Nou pa bezwen deplase
tout moun. N'a voye de twa mil moun konsa pou atake
lavil Ayi a. Ou pa bezwen voye tout moun al goumen,
paske pa gen anpil moun la. 4 Lè sa a, yo chwazi twamil
sòlda konsa ki te moute al atake. Men, moun lavil Ayi
yo te fè yo kraze rak. 5 Yo kouri dèyè sòlda pèp Izrayèl
yo depi devan pòtay lavil la jouk nan men wòch yo. Nan
ladesant lan yo touye trannsis moun konsa nan sòlda pèp
Izrayèl yo. Lè sa a, pèp Izrayèl la soti pè. Yo pèdi kouraj.
6 Jozye te sitèlman nan lapenn, li chire rad sou li, epi li
tonbe ajenou, li bese tèt jouk atè devan Bwat Kontra Seyè
a. Li rete konsa jouk aswè ansanm ak tout chèf fanmi
pèp Izrayèl yo, yo pran pousyè tè yo mete sou tèt yo pou
fè wè jan yo te nan lapenn. 7 Epi Jozye di: -Ay, Seyè
Bondye! Poukisa ou fè pèp la janbe lòt bò larivyè Jouden
an? Gen lè se pou ou te lage nou nan men moun Amori
yo pou yo touye nou? Pa pito ou te kite nou rete lòt bò
larivyè Jouden an! 8 Tanpri, Mèt mwen! Kisa m' ka di
koulye a lè m' wè moun Izrayèl yo ap kouri devan lènmi l'
yo? 9 Moun Kanaran yo ak tout lòt moun ki rete nan peyi
a pral konn sa. Yo pral leve dèyè nou. Yo pral touye nou
nèt nan peyi a. Kisa ou pral fè lè sa a pou yo pa avili non
ou? 10 Seyè a di Jozye konsa: -Leve non! Poukisa ou
lage kò ou atè konsa? 11 Se paske pèp Izrayèl la peche,
yo pa respekte kontra mwen te pase ak yo a ak lòd mwen
te ba yo. Yo pran nan bagay pou yo te detwi yo. Yo vòlò
yo, yo kache yo, yo mete yo nan zafè pa yo. 12 Se poutèt
sa, pèp Izrayèl la p'ap ka kanpe devan lènmi l' yo. Yo gen
pou yo kouri devan lènmi yo, paske koulye a se yo menm
ki gen pou mouri. Mwen p'ap kanpe la avèk yo ankò, si
bagay mwen te ban nou lòd pa pran an nou pa wete l'
nan mitan nou pou nou detwi l' tou. 13 Leve non! Fè sèvis
pou mete pèp la nan kondisyon pou sèvi m'. W'a di yo
pou yo pare kò yo pou yo ka nan kondisyon fè sèvis pou
mwen denmen, paske mwen menm, Bondye pèp Izrayèl
la, men sa mwen di: Nou menm pèp Izrayèl, nou gen
nan mitan nou bagay mwen te ban nou lòd detwi. Nou
p'ap ka kenbe tèt ak lènmi nou yo si nou pa wete l' nan
mitan nou. 14 Se konsa, denmen maten, nou tout n'ap
vini, branch fanmi pa branch fanmi. Branch fanmi Seyè a
va denonse a va pwoche fanmi pa fanmi. Nan fanmi Seyè
a va denonse a, chèf fanmi yo va pwoche yonn apre lòt
avèk moun pa yo. Chèf fanmi Seyè a va denonse a va fè
moun pa l' yo pwoche grenn pa grenn. 15 Moun y'a jwenn
avèk bagay la gen pou mouri boule nan dife, ansanm
ak tout fanmi l' ak tou sa li genyen, paske li pa respekte
kontra Seyè a te pase ak pèp la. Se yon gwo wont pou
tout pèp Izrayèl la. 16 Nan denmen maten vre, Jozye leve
byen bonè, li fè tout pèp Izrayèl la pwoche vin jwenn li,
branch fanmi pa branch fanmi. Se branch fanmi Jida a
Seyè a te denonse. 17 Li fè fanmi Jida yo vin jwenn li
yonn apre lòt. Se fanmi Zerak la Seyè a te denonse. Li fè
tout chèf fanmi Zerak yo vin jwenn li yonn apre lòt ak tout
fanmi yo. Se Zabdi Seyè a te denonse. 18 Zabdi fè tout
moun pa l' yo pwoche grenn pa grenn. Se konsa Seyè a
denonse Akan, pitit Kami an. Kami te pitit Zabdi, Zabdi te
pitit Zerak, yo tout te fè pati branch fanmi Jida a. 19 Jozye
di Akan konsa: -Pitit mwen, fè lwanj Seyè a! Moutre ou
gen respe pou Bondye pèp Izrayèl la! Koulye a, di m' kisa
ou fè. Pa kache m' anyen. 20 Akan reponn li: -Se vre wi.
Se mwen ki peche kont Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la.
Men sa m' fè. 21 Nan bagay nou te pran apre batay la,
mwen te wè yon bèl manto ki te soti lavil Babilòn, desan
(200) pyès an ajan ki te peze wit liv antou, ak yon gwo
moso lò ki te peze de liv. Mwen te sitèlman anvi yo, mwen
pran yo. Mwen fouye yon twou nan mitan tant kote m' rete
a, mwen antere yo ladan l', avèk pyès ajan yo anba nèt.
22 Jozye voye kèk mesaje ki kouri al nan tant Akan an. Yo
jwenn tout bagay yo nan twou a avèk pyès ajan yo anba
nèt. 23 Yo pran yo, yo soti avèk yo nan tant lan. Yo pote
yo bay Jozye ak tout pèp Izrayèl la. Yo mete yo atè devan

Seyè a. 24 Jozye, ansanm ak tout moun pèp Izrayèl yo,
pran Akan, pyès ajan yo, manto a, moso lò a ansanm ak
pitit fi l' yo, pitit gason l' yo, bèlfi li yo, bèf li yo, bourik li yo,
mouton l' yo ak tout lòt bagay li te genyen, yo mennen yo
nan Fon Malè. 25 Epi Jozye di Akan konsa: -Poukisa ou
rale tout malè sa a sou tèt nou? Jòdi a, Seyè a pral fè
malè tonbe sou ou! Epi tout moun pèp Izrayèl yo pran
wòch, yo kalonnen yo jouk yo touye yo. Yo boule tout
bagay yo nan dife. Yo touye tout fanmi l' yo ak bèt li yo ak
koutwòch. 26 Yo mete yon gwo pil wòch sou yo. Gwo pil
wòch sa a la jouk jòdi a. Se poutèt sa, jouk jòdi a, yo rele
kote sa a Fon Malè. Se konsa Seyè a te sispann move
sou pèp la.

8 Seyè a di Jozye konsa: -Ou pa bezwen pè. Ou pa
bezwen dekouraje. Pran tout sòlda yo avè ou, epi
mache sou lavil Ayi. M'ap lage wa lavil la ansanm ak pèp
la, lavil la ak tout zòn yo a nan men ou. 2 Menm sa ou te
fè moun lavil Jeriko yo ak wa yo a, se sa ou pral fè moun
lavil Ayi yo ak wa yo a. Men, fwa sa a, n'a gen dwa pran
byen yo ak bèt yo pou nou. Fè sòlda yo al anbiske kò yo
pou yo atake lavil la pa dèyè. 3 Se konsa, Jozye reyini
tout sòlda pèp Izrayèl yo, li fè plan pou yo mache sou lavil
Ayi. Jozye chwazi trantmil (30.000) vanyan gason, li fè
yo pati devan nan mitan lannwit. 4 Men lòd li ba yo: -Al
anbiske kò nou lòt bò sou dèyè lavil la. Pa kache twò lwen
non. Epi pare pou nou atake. 5 Mwen menm, mwen pral
pwoche bò lavil la avèk tout sòlda ki avè m' yo pa devan
pòtay la. Lè n'a wè moun lavil yo soti vin fè fas kare ak
nou, nou menm ki sou devan yo, n'a pran kouri devan yo
ankò, jan nou te fè l' anvan an. 6 Yo menm menm yo pral
kouri dèyè nou, jouk y'a kite lavil la byen lwen dèyè yo,
paske yo pral konprann se tankou premye fwa a. 7 Lè sa
a, nou menm ki te kache sou dèyè a, n'a soti kote nou te
anbiske kò nou an, n'a antre nan lavil la, paske Seyè a,
Bondye nou an, ap lage lavil la nan men nou. 8 Lè n'a fin
pran lavil la, n'a mete dife ladan l' jan Seyè a te mande l'
la. Men lòd mwen ban nou. 9 Se konsa, Jozye voye yo
ale. Y' al anbiske kò yo sou dèyè lavil la, sou bò solèy
kouche, ant lavil Ayi ak lavil Betèl. Jozye menm rete pase
lannwit lan nan kan an. 10 Nan maten, bonè bonè, Jozye
leve, li reyini tout lòt sòlda yo. Li pase yo enspeksyon.
Apre sa, li pran direksyon lavil Ayi a pou li. Li t'ap mache
alatèt lame a ansanm ak tout chèf fanmi pèp Izrayèl yo.
11 Sòlda ki te avè l' yo rive jouk anfas pòtay lavil la. Yo
moute kan yo sou bò nò lavil Ayi a. Yo kite yon ti fon nan
mitan yo ak lavil Ayi a. 12 Jozye pran senkmil (5.000)
sòlda, li fè yo al kache sou bò solèy kouche, ant lavil Ayi
ak lavil Betèl. 13 Se konsa, pifò nan lame a moute kan
yo sou bò nò lavil la, epi rès lame a al kache kò yo sou
bò solèy kouche. Jou sa a, Jozye pase lannwit lan nan
Fon an. 14 Lè wa lavil Ayi a wè sòlda Jozye yo, li menm
ansanm ak tout gason nan lavil la, yo leve granmaten, yo
prese pare yo. Yo soti al atake moun Izrayèl yo sou pant
ki desann nan Fon Jouden an. Men, li pa t' konnen yo
tapral atake l' sou dèyè. 15 Jozye ak moun pa l' yo fè
tankou y'ap kouri pou yo, yo lage kò yo nan dezè a. 16
Tout gason ki te nan lavil la t'ap kouri dèyè yo, yo t'ap rele
byen fò. Se konsa, nan kouri dèyè Jozye a, yo kite lavil la
byen lwen dèyè. 17 Pa t' gen yon gason nan lavil Ayi a,
tout te kouri soti dèyè pèp Izrayèl la. Yo kite pòtay lavil la
gran batan louvri san pesonn pou defann li. 18 Seyè a di
Jozye konsa: -Leve frenn ki nan men ou lan, lonje l' sou
lavil Ayi a: mwen pral lage lavil la nan men ou. Jozye lonje
frenn ki te nan men l' lan sou lavil la. 19 Leve li leve men
l', mesye ki te anbiske kò yo soti byen vit nan kachèt yo a,
yo kouri antre nan lavil la, yo pran lavil la pou yo. Lamenm
yo mete dife ladan l'. 20 Lè mesye lavil Ayi yo vire tèt
yo gade, yo wè yon gwo lafimen ki t'ap soti nan lavil la
moute nan syèl, yo pa t' konn ki bò pou yo fè, paske lè sa
a, sòlda pèp Izrayèl ki t'ap kouri nan direksyon dezè a
te vire tounen sou yo. 21 Lè Jozye ak tout moun li yo
wè lòt sòlda ki te kache yo te pran lavil la, lè yo wè dife
nan lavil la, yo vire tounen, yo atake moun lavil Ayi yo.
22 Lòt moun pèp Izrayèl yo menm soti nan lavil la, epi
yo mache sou yo tou. Konsa moun lavil Ayi yo te sènen
toupatou ak moun pèp Izrayèl yo. Sòlda pèp Izrayèl yo
touye mezi moun yo jwenn devan yo. Yo pa kite yonn
vivan, 23 esepte wa lavil Ayi a. Yo pran msye, yo mennen
l' bay Jozye. 24 Moun Izrayèl yo kouri dèyè lènmi yo nan
tout mòn yo ak nan tout dezè a. Lè yo fin touye tout, yo
tounen lavil Ayi, epi yo touye tout moun ki te ladan l'. 25
Jou sa a, yo touye douzmil (12000) moun, fi kou gason, ki
t'ap viv nan lavil Ayi a. 26 Jozye menm te kenbe bra l'
leve anlè ak frenn lan lonje sou lavil Ayi a jouk yo te fin
touye tout moun ki te rete nan lavil la tankou yon ofrann
pou Seyè a. 27 Moun Izrayèl yo te pran tout bèt moun yo
ak tout byen yo pou yo, jan Seyè a te bay Jozye lòd la. 28
Jozye boule lavil Ayi a, li fè l' tounen mazi, kote moun pa
janm rete jouk jòdi a. 29 Li fè yo pann wa lavil Ayi a nan
yon pyebwa, epi yo kite l' la jouk aswè. Lè solèy kouche,
Jozye bay lòd pou yo desann kadav la. Yo pran l', yo voye
l' jete devan pòtay lavil la. Yo mete yon gwo pil wòch sou
li. Pil wòch la la jouk jòdi a. 30 Lè sa a, Jozye bati yon
lotèl pou Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, sou mòn Ebal.
31 Li bati li dapre lòd Moyiz, sèvitè Seyè a, te bay moun
pèp Izrayèl yo, jan sa ekri nan liv Lalwa Moyiz la: N'a bati
yon lotèl ak wòch ki pa t' janm travay ak zouti fè. Yo ofri
sou lotèl la bèt yo touye pou boule nèt pou Seyè a, epi
yo touye bèt pou mande Bondye padon. 32 Antan yo la,
Jozye pran lalwa Moyiz te ekri pou pèp Izrayèl la, li kopye
l' sou tout wòch lotèl la devan tout pèp la. 33 Apre sa,
tout pèp Izrayèl la vini ak chèf fanmi yo, direktè yo ak jij
yo ansanm ak moun lòt nasyon ki t'ap viv nan mitan yo,
yo kanpe sou de bò Bwat Kontra Seyè a, ak fas yo vire
ap gade moun Levi ki t'ap pote Bwat Kontra a sou zepòl
yo nan mitan. Mwatye ladan yo te kanpe sou pant Mòn
Garizim, mwatye sou bò mòn Ebal. Se konsa, depi lontan
Moyiz, sèvitè Bondye a, te ba yo lòd kanpe lè lè a va
rive pou yo resevwa benediksyon. 34 Lèfini, Jozye li tout

pawòl ki te nan liv lalwa a, pawòl benediksyon yo kou
pawòl madichon yo, jan yo ekri nan liv lalwa a. **35** Jozye li
tout kòmandman Moyiz te bay yo san sote yon mo devan
tout pèp Izrayèl la ki te reyini ansanm ak fanm yo, timoun
yo ak tout moun lòt nasyon ki t'ap viv nan mitan yo.

9 Nouvèl bagay sa yo rive nan zòrèy tout wa ki t'ap
gouvènen lòt bò larivyè Jouden an sou solèy kouche,
nan mòn yo, nan plenn yo, sou tout rivaj lanmè Mediterane
a, jouk peyi Liban sou bò nò. Te gen wa moun Et yo, wa
moun Amori yo, wa moun Kanaran yo, wa moun Ferezi
yo, wa moun Evi yo ak wa moun Jebis yo. **2** Yo tout
yo mete tèt ansanm pou yo goumen kont Jozye ak pèp
Izrayèl la. **3** Lè moun peyi Gabawon yo vin konnen kisa
Jozye te fè moun Jeriko yo ak moun Ayi yo, **4** yo di yo pral
pran li nan plan. Yo leve, yo fè pwovizyon, yo chaje bourik
yo avèk yon bann vye sak ak veso fèt ak po bèt pou mete
diven. Veso yo te tou kreve, yo te pyese nan tout kò yo.
Moun Gabawon yo pati. **5** Yo te menm rive mete vye
sapat rapyese nan pye yo ak vye rad chire sou yo. Yo
pran pen rasi kraze an miyèt moso, yo pote pou manje yo.
6 Yo pati, yo vin jwenn Jozye nan kan Gilgal la. Yo pale ak
li ansanm ak mesye pèp Izrayèl yo, yo di yo konsa: -Nou
soti nan yon peyi ki byen lwen isit la. Ann pase yon kontra
yonn ak lòt non! **7** Men, mesye pèp Izrayèl yo di moun
Evi yo konsa: -Pou di se pa toupre la a nou rete? Ki jan
nou ta vle pou nou pase kontra ak nou? **8** Moun Evi yo di
Jozye: -Se sèvi nou vin sèvi ou! Jozye mande yo: -Men, ki
moun nou ye menm? Ki bò nou soti? **9** Yo reponn li: -Mèt,
nou soti nan yon peyi byen lwen, paske nou tande pale ki
moun Seyè a, Bondye ou la, ye. Nou pran nouvèl tou sa li
fè nan peyi Lejip, **10** ak tou sa li fè de wa moun Amori
yo ki t'ap gouvènen lòt bò larivyè Jouden an: Siyon, wa
peyi Esbon an ak Og, wa peyi Bazan an, ki te rete lavil
Astawòt. **11** Lè sa a, chèf nou yo ak tout moun ki rete
nan peyi nou an di nou fè pwovizyon pou n' al vwayaje al
kontre moun sa yo. N'a di yo konsa men nou vin sèvi yo.
Tanpri, pase yon kontra ak nou. **12** Gade pen nou rete. Yo
te tou cho jou nou pati vin kontre nou an. Men, koulye a,
gade jan yo rasi, jan yo tounen ti miyèt. **13** Lè nou te plen
veso diven sa yo, yo te tou nèf. Gade koulye a jan yo
plen twou. Gade jan rad nou ak sapat nou fini tèlman nou
mache anpil. **14** Chèf pèp Izrayèl yo pran nan sa yo te
pote a, san yo pa mande Seyè a sa li di nan sa. **15** Jozye
pase yon kontra ak yo pou yo viv byen yonn ak lòt, li fè
kontra ak yo pou li pa touye yo. Chèf pèp Izrayèl yo fè
sèman yo p'ap fè yo anyen. **16** Twa jou apre yo te fin
siyen kontra a, moun pèp Izrayèl yo vin konnen moun sa
yo te rete toupre a, nan mitan peyi Izrayèl la. **17** Moun
pèp Izrayèl yo leve, yo pati dèyè yo. Sou twa jou, yo rive
nan lavil kote moun sa yo te rete a. Se te lavil Gabawon,
lavil Kefira, lavil Beewòt ak Keryat-Jearim. **18** Men, moun
pèp Izrayèl yo pa t' ka touye yo, paske chèf moun Izrayèl
yo te fè sèman ba yo nan non Seyè a, Bondye pèp Izrayèl
la, yo p'ap fè yo anyen. Lè sa a, tout pèp Izrayèl la t'ap
bougonnen sou do chèf yo pou sa. **19** Men, chèf yo reyini
tout moun, yo di yo: -Depi nou fè sèman ba yo nan non
Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, nou pa gen dwa manyen
yo. **20** Konsa, poutèt sèman nou te fè a, se pou nou kite
yo viv. Paske, si nou fè yo anyen, Bondye va pini nou. **21**
Wi, se pou yo viv. Men, n'a pran yo pou fann bwa, pou
bwote dlo pou nou jan chèf yo te di a. **22** Jozye fè chache
moun Gabawon yo, li mande yo: -Poukisa nou ban nou
gwo manti sa a? Nou di nou rete byen lwen, epi se la a,
nan mitan nou, nou moun. **23** Poutèt sa, madichon ap
tonbe sou nou. N'ap toujou sèvi nou domestik. Depi jòdi
a, se nou menm ki pou fann bwa, ki pou bwote dlo nou
bezwen pou kay Bondye nou an. **24** Yo reponn: -Mèt, nou
te fè sa paske nou te vin konnen se tout bon Seyè a,
Bondye pèp Izrayèl la, te bay Moyiz, sèvitè l' la, lòd pou li
ba yo tout peyi sa a, pou li touye tout pèp ki rete ladan l'
pou fè plas pou yo. Konsa, lè nou vin konnen nou t'ap
pwoche bò kote nou rete a, nou te pè anpil pou nou pa t'
mouri. Se sa ki fè nou te fè sa. **25** Koulye a, nou nan men
ou! W'a fè sa ou vle ak nou, jan ou santi ou dwe fè l' la.
26 Se konsa Jozye delivre yo anba men moun pèp Izrayèl
yo, li pa kite yo touye yo. **27** Depi jou sa a, Jozye mete yo
la pou fann bwa, pou bwote dlo pou pèp Izrayèl la ak pou
lotèl Seyè a. Jouk jòdi a, se sa y'ap fè tout kote Seyè a
chwazi pou yo adore l' la.

10 Adonisedèk, wa lavil Jerizalèm lan, te vin konnen
Jozye te pran lavil Ayi a, li te detwi l' nèt tankou yon
ofrann pou Seyè a, li te touye wa a menm jan li te fè l' pou
lavil Jeriko ansanm ak wa li a. Adonisedèk te vin pran
nouvèl tou moun Gabawon yo te al rann tèt yo bay moun
Izrayèl yo, epi yo t'ap viv nan mitan yo. **2** Tout moun lavil
Jerizalèm yo te pè anpil, paske Gabawon te yon gwo lavil,
tankou nenpòt ki lavil ki te gen yon wa ap gouvènen li. Li
te pi gwo pase lavil Ayi. Lèfini, tout gason la te vanyan
sòlda. **3** Se konsa, Adonisedèk, wa lavil Jerizalèm lan,
voye misyon bay Oram, wa lavil Ebwon, bay Pireyam,
wa lavil Jamout, bay Jafya, wa lavil Lakis, ak bay Debi,
wa lavil Eglon. **4** Li voye di yo. -Vin jwenn mwen. Vin
ede m' atake lavil Gabawon, paske moun sa yo al rann
tèt yo bay Jozye ak pèp Izrayèl la. **5** Se konsa senk wa
moun Amori yo: wa lavil Jerizalèm lan, wa lavil Ebwon an,
wa lavil Jamout la, wa lavil Lakis la, wa lavil Eglon an,
mete tèt ansanm, yo fè yon sèl lame ak tout sòlda yo. Yo
sènen lavil Gabawon, yo atake l'. **6** Moun lavil Gabawon
yo voye mesaje nan kan Gilgal la di Jozye konsa: -Mèt,
tanpri, pa lage nou! Prese vin jwenn nou pou ede nou,
pou delivre nou. Paske tout wa moun Amori ki rete nan
mòn yo mete tèt ansanm, yo leve dèyè nou pou yo fini ak
nou. **7** Se konsa, Jozye ak tout lame a ansanm ak tout
vanyan sòlda li yo kite Gilgal, yo leve yo pati. **8** Seyè
a di Jozye konsa: -Ou pa bezwen pè yo. M'ap lage yo
tout nan men ou. Pa gen yonn ladan yo ki ka kenbe tèt
avè ou. **9** Lè Jozye kite Gilgal, li pase tout nwit lan ap
mache. Li rive sou moun Amori yo san yo pa t' atann.
10 Seyè a fè moun Amori yo pran kouri lè yo wè moun
Izrayèl yo. Li fè pèp Izrayèl la bat yo byen bat lòt bò lavil

Gabawon an. Moun Izrayèl yo kouri desann dèyè yo nan
pant Bètowon an, yo bat yo jouk Azeka ak Makeda nan
sid la. **11** Pandan yo t'ap kouri devan lame Izrayèl la, depi
nan desann pant Bètowon an jouk yo rive Azeka, Seyè a
rete nan syèl la, li voye gwo boul lagrèl sou yo pou touye
yo. Lagrèl la te touye plis moun pase lame Izrayèl la avèk
nepe yo. **12** Jou Seyè a te lage moun Amori yo nan men
moun pèp Izrayèl yo, Jozye pale ak Seyè a devan tout
pèp la, li di: -Solèy! Rete klere sou lavil Gabawon! Lalin!
Rete klere sou Pon Ayalon! **13** Solèy la rete kote l' te ye
a, lalin lan pa fè yon pa jouk pèp Izrayèl la te fin kraze
lènmi l' yo. Se sa nou jwenn ekri nan liv Moun ki mache
dwat la. Solèy la rete nan mitan syèl la san li pa mache
yon bon tan, longè yon jounen konsa. Se apre sa l' al
kouche. **14** Ni anvan sa, ni apre sa, pa janm gen yon jou
tankou jou sa a lè Seyè a te fè sa yon moun te mande l'
fè, epi li goumen pou pèp Izrayèl la. **15** Apre sa, Jozye ak
tout lame Izrayèl la tounen nan kan yo Gilgal. **16** Men,
senk wa yo te kouri chape, y' al kache nan gwòt Makeda
a. **17** Y' al di Jozye yo jwenn senk wa yo kache nan gwòt
Makeda a. **18** Jozye reponn: -Woule wòch bouche bouch
gwòt la. Mete moun veye yo. **19** Men, nou menm, souke
kò nou. Kouri dèyè lènmi yo. Atake yo pa dèyè. Pa kite yo
gen tan rive nan lavil yo! Seyè a, Bondye nou an, lage
yo nan men nou. **20** Jozye ak sòlda pèp Izrayèl yo t'ap
masakre yo: sa ki te chape yo kouri al kache nan lavil ki
gen gwo ranpa yo. **21** Lè sa a, tout lame Jozye a tounen
vin jwenn li nan kan Makeda a san pwoblèm, san danje.
Pesonn pa t' penmèt yo di anyen sou moun pèp Izrayèl
yo. **22** Lè sa a, Jozye di: -Degaje bouch gwòt la. Mennen
senk wa yo deyò vin jwenn mwen. **23** Yo degaje bouch
gwòt la, yo mennen senk wa yo deyò vin jwenn li. Se te
wa lavil Jerizalèm lan, wa lavil Ebwon an, wa lavil Jamout
la, wa lavil Lakis la ak wa lavil Eglon an. **24** Lè yo mennen
wa yo ba li, Jozye rele tout gason nan pèp Izrayèl la, epi li
di chèf ki te avè l' yo: -Vini non! Mete pye nou sou kou wa
sa yo! Yo pwoche vre, yo mete pye yo sou kou wa yo. **25**
Epi Jozye di yo: -Nou pa bezwen tranble! Nou pa bezwen
pè! Mete gason sou nou! Pa janm dekouraje paske Seyè
a pral fè nou mete pye nou sou kou tout lènmi n'a jwenn
sou wout nou! **26** Apre sa, Jozye touye wa yo epi li fè
pann kadav yo sou senk pyebwa kote yo rete pandye
jouk aswè. **27** Lè solèy fin kouche, Jozye bay lòd pou yo
desann kadav yo, epi pou yo voye yo jete nan gwòt kote
yo te kache a. Apre sa, yo pran gwo wòch yo bouche
bouch gwòt la. Wòch yo la jouk jòdi a. **28** Menm jou sa a,
Jozye atake lavil Makeda, epi li pran l'. Li touye wa a.
Lèfini, li fè touye tout moun ak tout bèt ki te nan lavil la
tankou yon ofrann pou Seyè a, san li pa kite anyen chape.
Li fè wa Makeda a menm sa li te fè wa Jeriko a. **29** Apre
sa, Jozye ansanm ak tout lame Izrayèl la kite Makeda, y'
al atake lavil Libna. **30** Seyè a lage lavil la ansanm ak
tout wa a nan men moun pèp Izrayèl yo. Yo touye dènye
moun ak dènye bèt ki te nan lavil la san yo pa kite anyen
chape. Li fè wa a menm sa li fè wa Jeriko a. **31** Apre
sa, Jozye ansanm ak tout lame Izrayèl la kite Libna, y' al
atake Lakis. Yo sènen lavil la nèt. **32** Seyè a lage lavil
Lakis nan men moun pèp Izrayèl yo. Sou dezyèm jou a,
yo pran lavil la. Li fè yo touye dènye moun ak dènye bèt ki
te nan lavil la, menm jan yo te fè l' nan lavil Libna a, san li
pa kite yonn chape. **33** Lè sa a Oram, wa peyi Gezè a,
moute vin pote moun Lakis yo sekou. Men, Jozye bat li
byen bat ansanm ak tout moun pa l' yo. Li fè touye yo tout
san li pa kite yonn chape. **34** Apre sa, Jozye ansanm ak
tout lame Izrayèl la kite lavil Lakis, y' al atake lavil Eglon.
Yo sènen l' nèt. **35** Menm jou a, yo pran lavil la, yo touye
tout moun ladan l'. Wi, jou sa a, tankou yon ofrann y'ap fè
pou Seyè a, yo touye dènye moun ak dènye bèt ki t'ap
viv la, menm jan yo te fè l' nan lavil Lakis la. **36** Apre
sa, Jozye ansanm ak lame Izrayèl la kite lavil Eglon, yo
moute al atake Ebwon. **37** Yo pran lavil la, yo touye dènye
moun ak dènye bèt ki te rete la ansanm ak tou sa ki te
rete nan ti bouk nan zòn lan. Li pa kite yon moun chape,
menm jan li te fè l' lavil Eglon an. Li fè touye dènye moun
ak dènye bèt tankou yon ofrann pou Seyè a. **38** Apre sa
ankò, Jozye ansanm ak tout lame Izrayèl la vire sou lavil
Debi, y' al atake l'. **39** Yo pran lavil la ansanm ak wa a ak
tout lòt ti bouk nan zòn lan. Jozye fè touye tout moun ak
tout bèt tankou yon ofrann pou Seyè a. Li pa kite yonn
chape. Menm sa li te fè moun lavil Ebwon yo, menm sa
li te fè moun lavil Libna yo ak wa yo a, se sa Jozye fè
lavil Debi ak wa li a tou. **40** Se konsa Jozye te fè tout
peyi a soumèt devan li. Li te kraze tout wa yo, kit sa ki
t'ap gouvènen nan mòn yo ak nan Negèv la, kit sa ki t'ap
gouvènen nan plenn yo ak sou ti mòn yo. Li pa kite yon
moun chape. Li touye dènye moun, dènye bèt tankou yon
ofrann pou Seyè a, jan Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, te
ba li lòd fè a. **41** Jozye bat yo depi Kadès-Banea sou
bò sid rivyè Gaza, bò rivaj la, nan tout zòn Gochenn lan
jouk Gabawon sou bò nò. **42** Jozye te pran tout wa sa yo
ak tout peyi yo nan yon sèl soti, paske Seyè a, Bondye
pèp Izrayèl la, t'ap goumen pou pèp la. **43** Lèfini, Jozye
ansanm ak tout lame Izrayèl la tounen nan kan yo Gilgal.

11 Nouvèl tout bagay sa yo rive nan zòrèy Jaben, wa
Azò a. Li menm, li voye nouvèl la bay Yobad, wa
lavil Madon, bay wa Chimwon ak wa Akchaf, **2** bay tout
wa ki rete bò nò a, nan mòn yo, nan fon ki anba Chinawòt,
nan plenn yo ak nan koulin Dò yo bò solèy kouche. **3** Li
voye nouvèl la bay moun Kanaran yo ki rete sou de bò
larivyè Jouden an, bay moun Amori yo, bay moun Evi yo,
bay moun Ferezi yo, bay moun Jebis yo nan tout mòn yo,
bay moun Evi yo ki rete nan pye mòn Emon nan peyi
Mispa. **4** Tout wa yo vini avèk tout sòlda yo. Sa te fè yon
gwo lame sòlda pesonn pa t' ka konte, ou ta di grenn sab
bò lanmè, avèk yon kantite chwal ak cha lagè. **5** Wa yo
pran randevou, yo mete tout sòlda yo ansanm. Yo rive, yo
moute kan yo yonn sou kote lòt, toupre dlo Mewòm yo,
pou yo atake pèp Izrayèl la. **6** Seyè a di Jozye konsa: -Ou
pa bezwen pè moun sa yo! Denmen, lè konsa, m'ap fè
nou wè tout tonbe mouri la devan je nou. Nou menm, nou

pral koupe jarèt tout chwal yo, epi n'ap boule cha yo. 7 Se
konsa, Jozye rive bò dlo Mewòm lan ak tout sòlda li yo, li
tonbe sou lènmi yo san yo pa t' atann, li atake yo. 8 Seyè
a lage yo nan men pèp Izrayèl la: sòlda pèp Izrayèl yo bat
yo byen bat. Yo kouri dèyè yo jouk Gwo Sidon ak Misrefòt
sou bò nò, jouk Fon Mispa sou bò solèy leve. Yo bat yo
nèt, yo pa kite yonn ladan yo chape. 9 Jozye fè yo tou sa
Seyè a te ba li lòd fè a: li koupe jarèt chwal yo, li boule
tout cha lagè yo. 10 Apre sa, Jozye tounen sou dèyè, li
pran lavil Azò, epi li touye wa li a. Lè sa a, Azò te pi gwo
lavil nan tout peyi wa yo. 11 Li fè touye dènye moun ak
dènye bèt vivan ki te la tankou yon ofrann y'ap fè pou
Seyè a. Yo pa kite yonn ladan yo chape. Lèfini, yo mete
dife nan lavil la. 12 Jozye pran tout lavil yo ansanm ak wa
yo. Epi li fè touye tout wa yo, dapre prensip ki vle pou yo
touye yo tankou yon ofrann pou Seyè a, jan Moyiz, sèvitè
Seyè a, te kite lòd pou yo fè l' la. 13 Men, moun Izrayèl yo
pa t' boule ankenn lavil nan lavil ki te bati sou ti mòn yo,
an wetan lavil Azò Jozye te fè boule. 14 Moun pèp Izrayèl
yo pran tout bagay ak tout bèt yo te jwenn nan lavil yo.
Men, yo touye tout moun, yo pa kite yonn chape. 15 Seyè
a te bay Moyiz, sèvitè li a, lòd li yo. Moyiz menm te bay
Jozye menm lòd yo tou. Se konsa Jozye te fè tou sa Seyè
a te bay Moyiz lòd fè, san manke anyen. 16 Jozye ak pèp
Izrayèl la te pran tout peyi a nan men moun yo, ki vle di:
mòn yo, tout Negèv la, tout peyi Gochenn lan, plenn yo,
Fon Jouden an, tout mòn ak tout ti bit peyi Izrayèl yo, 17
depi Mòn Alak ki toupre peyi Seyi a, jouk Baal-Gad ki nan
fon Liban an nan pye mòn Emon an. Li mete men sou
tout wa yo, li bat yo, li touye yo. 18 Jozye te pase yon bon
tan ap fè lagè ak wa sa yo. 19 An wetan lavil Gabawon
kote moun Evi yo te rete a, pa t' gen ankenn lavil ki te vle
fè lapè ak moun pèp Izrayèl yo, 20 paske Seyè a te fè
tout moun sa yo soti pou goumen ak pèp Izrayèl la. Se
pou pèp Izrayèl la te touye tout tankou ofrann pou Seyè a,
san pitye pou yo yonn menm, pou yo tout te ka disparèt,
jan Seyè a te bay Moyiz lòd la. 21 Lè sa a, Jozye leve, l'
ale, li touye tout moun Anak yo ki te rete nan mòn yo, nan
lavil Ebwon, lavil Debi, lavil Anab, nan tout mòn peyi Jida
ak tout mòn peyi Izrayèl yo. Li fè touye yo tout. Apre sa, li
detwi tout lavil yo tankou ofrann pou Seyè a. 22 Pa t'
gen yon moun Anak ankò nan peyi Izrayèl la, esepte lavil
Gaza, lavil Gat ak lavil Asdòd. 23 Jozye te pran tout peyi
a, jan Seyè a te di Moyiz la, epi li bay pèp Izrayèl la li pou
li rele l' pa l'. Li separe l', li bay chak branch fanmi pòsyon
pa yo. Apre tout batay sa yo, peyi a t'ap viv nan lapè, pa t'
gen goumen ankò.

12 Moun pèp Izrayèl yo te bat tout wa ki te rete lòt bò
larivyè Jouden yo, sou bò solèy leve. Epi yo pran
tout peyi wa sa yo nan men yo, ki vle di tout zòn lan nèt,
depi ravin Anon an, moute nan fon Jouden an, jouk nan
pye mòn Emon. 2 Men wa yo te kraze yo: Se te Siyon,
wa moun Amori yo, ki te rete lavil Esbon. Peyi li t'ap
gouvènen an te pran depi nan fon ravin Anon an moute
Awoyè ki sou bò ravin lan, rive larivyè Jabòk sou fwontyè
moun Amon yo, ki vle di mwatye nan peyi Galarad la. 3 Li
te gouvènen zòn ki sou bò lès fon Jouden an tou, depi
letan Kinerèt la desann sou lanmè Mouri a, nan direksyon
Bèt-Jechimòt jouk nan pye mòn Pisga a. 4 Yo te kraze
Og, wa peyi Bazan an tou. Se te yonn nan dènye refayim
yo. Li te rete lavil Astawòt ak lavil Edreyi. 5 Peyi li t'ap
gouvènen an konmanse depi nan mòn Emon ak mòn
Salka, li pran tout peyi Bazan an nèt rive sou fwontyè peyi
moun Jechou yo ak moun Maaka yo, plis lòt mwatye peyi
Galarad la rive sou fwontyè peyi wa Siyon an ki te rete
lavil Esbon. 6 Se Moyiz, sèvitè Seyè a, ansanm ak pèp
Izrayèl la ki te kraze wa sa yo. Apre sa, Moyiz, sèvitè
Seyè a, te pran tout peyi sa yo li bay moun branch fanmi
Woubenn lan, moun branch fanmi Gad la ak mwatye nan
moun branch fanmi Manase a. 7 Jozye ansanm ak pèp
Izrayèl la te bat tout wa ki te rete nan zòn lòt bò larivyè
Jouden an, sou bò solèy kouche, depi lavil Baal-Gad nan
fon Liban an jouk mòn Chòv la nan direksyon Seyi. Se tè
wa sa yo Jozye te pran, li separe yo bay moun pèp Izrayèl
yo pou byen pa yo. 8 Tè sa yo te pran tout mòn yo, tout
plenn yo, fon Jouden an, tout pye mòn yo, dezè a ak zòn
Negèv la. Se sou tè sa yo moun Et yo, moun Amori yo,
moun Kanaran yo, moun Ferezi yo, moun Evi yo ak moun
Jebis yo te rete. 9 Men wa yo te kraze yo: wa lavil Jeriko,
wa lavil Ayi, toupre Betèl, 10 wa lavil Jerizalèm, wa lavil
Ebwon, 11 wa lavil Jamout, wa lavil Lakis, 12 wa lavil
Eglon, wa lavil Gezè, 13 wa lavil Debi, wa lavil Gedè, 14
wa lavil Oma, wa lavil Arad, 15 wa lavil Libna, wa lavil
Adoulam, 16 wa lavil Makeda, wa lavil Betèl, 17 wa lavil
Tapwach, wa lavil Efè, 18 wa lavil Afèk, wa lavil Sawon,
19 wa lavil Madòn, wa lavil Azò, 20 wa lavil Chimwon, wa
lavil Mewòm, wa lavil Akchaf, 21 wa lavil Tanak, wa lavil
Megido, 22 wa lavil Kadès, wa lavil Jokneyam nan zòn
mòn Kamèl la, 23 wa lavil Dò sou zòn bò rivaj lanmè a,
wa Goyim yo nan peyi Galile, 24 wa lavil Tiza. Sa te fè
antou tranteyen wa ki te peri.

13 Lè sa a, Jozye t'ap antre nan laj, li te fin granmoun.
Seyè a di l' konsa: -Koulye a, ou fin granmoun, ou
antre nan laj serye. Men, gen yon bon pòsyon nan peyi a
toujou ki rete pou nou pran. 2 Rete nou tout teritwa moun
Filisti yo ak tout peyi moun Jechou yo, 3 ki vle di depi
larivyè Chikò k'ap koule sou fwontyè lès peyi Lejip la,
moute nan nò, jouk sou fwontyè Ekwon an. Tout teritwa
sa a te pase pou peyi moun Kanaran yo. Te gen senk
chèf pami moun Filisti yo: yonn te rete lavil Gaza, yon lòt
te rete lavil Asdòd, yon lòt lavil Askalon, yon lòt lavil Gat,
yon lòt lavil Ekwon. Te rete peyi moun Avit yo tou, 4 sou
bò sid la, tout peyi moun Kanaran yo, depi lavil Meara ki
pou moun Sidon yo jouk Afeka, sou fwontyè peyi Amori a.
5 Te rete ankò tè moun Jebal yo ak tout peyi Liban sou bò
solèy leve, depi Baal-Gad nan pye mòn Emon jouk kote
Pas Amat la konmanse a. 6 Tout moun ki rete nan mòn
yo, depi peyi Liban jouk lavil Misrefòt Mayim, tout moun
Sidon yo, se mwen menm ki pral mete yo deyò pou fè
plas pou pèp Izrayèl la. Men, se ou menm ki pral separe

tè a bay chak moun pèp Izrayèl yo pòsyon pa yo, jan
mwen te ba ou lòd la. 7 Lè a rive koulye a pou nou separe
peyi a bay nèf lòt branch fanmi yo ak lòt mwatye nan
branch fanmi Manase a pòsyon pa yo. 8 Branch fanmi
Woubenn lan ak branch fanmi Gad la ansanm ak mwatye
nan branch fanmi Manase a te deja resevwa pòsyon tè pa
yo lòt bò larivyè Jouden sou solèy leve. Se Moyiz, sèvitè
Seyè a, ki te ba yo li. 9 Peyi yo a te soti depi lavil Awoyè
ki sou bò gwo ravin Anon an ak lavil ki nan mitan ravin
lan, li pran tout plenn Medeba a rive lavil Dibon. 10 Li pran
tout lavil ki te pou Siyon, wa moun Amori yo, ki te rete lavil
Esbon pandan tout rèy li, li rive jouk sou fwontyè moun
Amon yo. 11 Li pran tout peyi Galarad la, tout teritwa
moun Jechou yo ak moun Maaka yo ansanm ak tout mòn
Emon ak mòn Bachan jouk Salka. 12 Nan peyi Bazan an,
yo pran tout zòn kote wa Og t'ap gouvènen an. Wa Og sa
a te rete lavil Astawòt ak lavil Edreyi lè sa a. Se te dènye
moun nan ras refayim yo ki te vivan. Moyiz te goumen
ak pèp sa yo, li bat yo byen bat, li pran tout peyi a nan
men de wa yo. 13 Men, pèp Izrayèl la pa t' mete moun
Jechou yo ak moun Maaka yo deyò. Se konsa, jouk jòdi a
de pèp sa yo ap viv nan mitan pèp Izrayèl la toujou. 14
Sèl branch fanmi Levi a pa t' resevwa ankenn pòsyon tè
ki rele l' pa l' nan pataj la, paske Seyè a, Bondye pèp
Izrayèl la, te kite tou sa yo ofri ba li pou yo, jan li te di l' la.
15 Moyiz te separe tè branch fanmi Woubenn lan, li bay
chak fanmi pòsyon pa yo. 16 Se konsa, pòsyon pa yo a te
konmanse depi lavil Awoyè, ki sou bò ravin Anon an, li
pran lavil ki nan mitan ravin lan, tout platon Medeba a, 17
lavil Esbon ak tout lòt lavil ki te sou platon an, ki vle di
Dibon, Bamòt, Baal, Bèt-Baal Meyon, 18 Jaza, Kedemòt,
Mefrat, 19 Kiryatayim, Libna ak Zerèt acha Jechimòt, sou
ti bit ki nan fon an, 20 Bèt-Peyò, sou pant Pizga a, Bèt
ajechimòt, 21 tout lavil ki sou platon an, tout peyi wa
Siyon ki t'ap gouvènen moun Amori yo nan lavil Esbon.
Se Moyiz ki te kraze l' ansanm avèk chèf peyi Madyan
yo: Evi, Rekèm, Zou, Our, Reba. Tout chèf sa yo t'ap viv
nan peyi a sou lòd wa Siyon. 22 Pami moun moun pèp
Izrayèl yo te touye yo, te gen pwofèt yo te rele Balaram,
pitit Beyò a. 23 Pòsyon tè moun branch fanmi Woubenn
yo te rive jouk larivyè Jouden. Se tout lavil ak tout ti bouk
sa yo yo te bay moun branch fanmi Woubenn yo. Yo te
separe bay chak fanmi pòsyon pa yo, dapre kantite fanmi
yo te genyen. 24 Moyiz te separe tè branch fanmi Gad la,
li bay chak fanmi pòsyon pa yo. 25 Se konsa, pòsyon
pa yo a te pran tout peyi Jazè a, tout lavil ki nan peyi
Galarad la, mwatye nan peyi moun Amon yo, rive sou lavil
Awoyè sou bò solèy leve lavil Raba. 26 Li te pran depi
Esbon jouk Ramat Mizpe ak Betonim, depi Manayim jouk
fwontyè peyi Lodeba. 27 Nan fon an yo te gen lavil sa yo:
Bèt aram, Bèt-Nimra, Soukòt ak Zafon, rès peyi wa Siyon
ki te rete Esbon an. Larivyè Jouden te sèvi yo fwontyè
rive letan Galile nan nò. Tout pòsyon pa yo a te lòt bò
solèy leve. 28 Se tout lavil ak tout ti bouk sa yo yo te bay
moun branch fanmi Gad yo. Yo te separe bay chak fanmi
pòsyon pa yo, dapre kantite fanmi yo te genyen. 29 Moyiz
te separe tè ki pou mwatye nan branch fanmi Manase a, li
bay chak fanmi pòsyon pa yo. 30 Se konsa, pòsyon pa yo
a te konmanse depi Manayim, li pran tout peyi Bazan an,
tout peyi wa Og t'ap gouvènen an, ak swasant bouk ki te
pou Jayi nan peyi Bazan an, 31 mwatye nan peyi Galarad
la ansanm ak Astawòt ak Edreyi, lavil ki te pou wa Og nan
peyi Bazan an. Se tout zòn sa yo ki vin pou mwatye nan
branch fanmi Maki, pitit gason Manase a. Yo bay chak
fanmi pòsyon pa yo. 32 Se konsa Moyiz te separe tè ki lòt
bò larivyè Jouden, anfas lavil Jeriko, sou bò solèy leve, lè
li te nan plenn Moab yo. 33 Men, Moyiz pa t' bay moun
branch fanmi Levi yo ankenn pòsyon nan peyi a pou rele
yo pa yo. Li te di yo sèl byen yo se Seyè a, Bondye pèp
Izrayèl la.

14 Men tè yo te separe bay moun pèp Izrayèl yo. Se
Eleaza, prèt la, ak Jozye, pitit gason Noun lan,
ansanm ak tout chèf fanmi nan tout branch pèp Izrayèl yo
ki te bay chak fanmi pòsyon pa yo. 2 Jan Seyè a te bay
Moyiz lòd la, yo te tire osò devan Seyè a pou yo te ka
konnen ki pòsyon ki tapral pou nèf branch fanmi ki te rete
yo ak lòt mwatye branch nan fanmi Manase a. 3 Moyiz te
gen tan bay de branch fanmi ak mwatye nan yon twazyèm
branch fanmi pòsyon pa yo lòt bò larivyè Jouden. Men, li
pa t' bay moun fanmi Levi yo ankenn pòsyon nan tè sa yo.
4 Fanmi Jozèf la te fè de branch: yonn pou Manase, yonn
pou Efrayim. Moun Levi yo pa t' resevwa ankenn pòsyon
nan tè a pou yo. Men yo te ba yo kèk lavil pou yo te rete
ak savann toupre lavil yo pou yo gade bèt ak zannimo. 5
Se konsa, moun pèp Izrayèl yo te separe peyi a jan Seyè
a te bay Moyiz lòd fè l' la. 6 Moun branch fanmi Jida yo al
jwenn Jozye nan kan Gilgal la. Kalèb pitit gason Jefoune,
nan fanmi Kenaz la, di li: -Ou konnen sa Seyè a te di
Moyiz, sèvitè Bondye a, sou ou ak sou mwen lè li te lavil
Kadès-Banea. 7 Mwen te gen karantan lè Moyiz, sèvitè
Seyè a, rete lavil Kadès-Banea, li voye m' al vizite tout
peyi sa a. Lè m' tounen, mwen fè l' yon bon rapò dapre sa
m' te wè. 8 Moun ki te moute avè m' yo pran dekouraje
pèp la. Men mwen menm, mwen te fè tou sa Seyè a,
Bondye mwen an, te vle m' fè. 9 Lè sa a, Moyiz fè m'
pwomès sa a, li di m': Ou wè ou menm, ou fè tou sa Seyè
a te vle ou fè. Se poutèt sa y'a ba ou tout kote ou mete
pye ou yo pou ou ak pou tout ras ou apre ou. 10 Gade!
Seyè a kenbe pwomès li, li pa kite m' gen tan mouri. Sa te
fè deja karannsenkan depi Seyè a te di Moyiz sa. Lè sa
a, pèp Izrayèl la t'ap moute desann nan dezè a. Koulye
a mwen gen katrevensenkan. 11 Men, mwen santi m'
vanyan gason jòdi a tankou lè Moyiz te voye m' al vizite
peyi a. Mwen santi mwen ka goumen, mwen ka regle tout
zafè m' jan m' te konn fè l' lè sa a. 12 Se poutèt sa, mwen
mande ou pou ou ban mwen mòn Seyè a te pwomèt
mwen jou sa a. Ou te rive konnen se yon bann gwonèg
bèl wotè yo rele anakim ki t'ap viv la. Yo te gen anpil gwo
lavil ki te byen pwoteje ak ranpa. Men, mwen kwè Seyè a
pral kanpe avè m'. L'a ede m' pran peyi a nan men yo

jan li te di l' la. 13 Lè sa a, Jozye bay Kalèb, pitit gason
Jefoune a, benediksyon, epi li ba li pòsyon tè Ebwon an
pou pòsyon pa li. 14 Jouk koulye a, Ebwon rete pou Kalèb
ak pou moun ras fanmi li yo, paske Kalèb te fè tou sa
Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, te vle l' fè. 15 Nan tan
lontan, yo te rele lavil Ebwon an Kiriyat aba. Aba sa a, se
li ki te pi gwonèg nan tout ras moun Anak yo. Depi apre lè
sa a, peyi a t'ap viv ak kè poze. Pa t' gen goumen ankò.

15 Lè yo te tire osò a, men pòsyon tè ki vin pou moun
branch fanmi Jida yo. Se tè sa a yo te separe bay
chak fanmi nan branch lan pòsyon pa yo. Tè a bonè nan
sid ak peyi Edon an, depi dezè Zin lan rive Kadès nan
direksyon sid. 2 Fwontyè tè a konmanse nan pwent sid
lanmè Sale a, 3 li pase anba pas Akrabim lan, li travèse
dezè Zin, li moute pou l' pase anba Kadès Banea, li
pase Ezwon, li moute Ada, li vire sou Kareka, 4 li pase
Azmon, li kouri nan ravin ki sou fwontyè Lejip la jouk
li rive sou lanmè a. Men limit sid tè moun Jida yo. 5
Sou bò solèy leve, lanmè Sale a te sèvi yo fwontyè rive
nan lanbouchi larivyè Jouden an. Se la fwontyè nò a te
konmanse. 6 Li moute Bèt-Ogla, li pase anwo Bèt araba,
li rive jouk Wòch Boan. Boan, se non yonn nan pitit gason
Woubenn yo. 7 Apre sa, li pase nan fon Akò, li moute jouk
Debi. Li vire sou bò nò nan direksyon Gilgal, anfas pas
Adoumen ki sou bò sid ravin lan. Li pase moute bò sous
Anchemèch, l' al bout sou Anwogèl. 8 Apre sa, li remoute
ravin Pitit Ennon an ki nan sid mòn moun Jebis yo, ki vle
di Jerizalèm, li moute sou tèt mòn ki anfas ravin Ennon
an, sou bò solèy kouche, nan pwent nò plenn refayim
yo. 9 Li soti nan tèt mòn lan, li desann bò sous Neftoa
a. Apre sa li pran direksyon mòn Efwon an, li vire sou
lavil Bala (ki rele Kiriyat-Jearim tou). 10 Li soti Bala, li fè
yon ti koub moute nan direksyon solèy kouche, sou mòn
Seyi, li lonje flan nò mòn Jearim lan (ki rele Kisalòn tou),
li desann Bètchemèch, li travèse Timna, 11 li rive sou
bò nò mòn Ekwon, li vire sou Chikawon, li pase sou ti
bit Bala a, li pase Jabneyèl, epi l' al bout nan lanmè. 12
Sou bò lwès la, se lanmè Mediterane a ki te sèvi yo limit.
Men limit ki te fèmen pòsyon tè yo te bay tout fanmi ki
nan branch fanmi Jida a. 13 Jan Seyè a te bay Jozye
lòd la, yon pòsyon nan tè moun Jida yo vin pou Kalèb,
pitit gason Jefoune a. Jozye ba li Kiriyat aba, kapital peyi
Anak yo. (Koulye a yo rele lavil la Ebwon). 14 Kalèb mete
twa pitit gason Anak yo deyò nan lavil la. Se te Chechayi,
Ayiman ak Talmayi, 15 Apre sa, li kite Ebwon, l' al atake
moun lavil Debi yo. (Nan tan lontan, yo te rele lavil sa a
Kiriyat-Sefè). 16 Lè sa a, Kalèb di konsa: -Moun ki va resi
kraze moun Kiriyat-Sefè yo, epi ki va pran lavil la nan men
yo, m'a ba li Aksa, pitit fi mwen an, pou madanm. 17 Se
pwòp frè Kalèb, Otonyèl, pitit Kenaz, ki te pran lavil la.
Kalèb ba li Aksa, pitit fi li a, pou madanm. 18 Lè Aksa
rive lakay mari l', mari a di l' poukisa li pa mande papa l'
yon bon jaden. Aksa al jwenn papa l'. Desann li desann
bourik li, Kalèb mande l': -Sa ki genyen, pitit mwen? 19
Aksa reponn: -Mwen vin mande ou yon favè. Ou voye m'
byen lwen nan dezè Negèv la. Tanpri, ban m' kek sous
kote pou m' jwenn dlo non. Se konsa Kalèb ba li Sous
Dlo Anwo ak Sous Dlo Anba yo. 20 Men tout tè ki te vini
pou branch fanmi Jida a. Yo separe l' bay yon pòsyon
pou chak fanmi. 21 Men non lavil kote moun Jida yo te
rete nan Negèv la, anba pwent sid peyi a, bò fwontyè
peyi Edon an: Kabseyèl, Edè, Jagou, 22 Kina, Dimona,
Adada, 23 Kedèch, Azò-Yitnan, 24 Zif, Telèm, Bejalòt, 25
Azò adata, Keriyòt-Ezwon (ki rele Azò tou), 26 Aman,
Chema, Molada, 27 Aza-Gada, Echmon, Bèt-Pelèt, 28
Aza-Chwal, Bècheba, Biziotya, 29 Bala, Iyim, Azèm, 30
Eltola, Kesil, Oma, 31 Ziklag, Madmana, Sansana, 32
Lebaòt, Chilim, Ayin ak Rimon. Sa te fè antou vennèf lavil
ak tout ti bouk ki sou lòd yo. 33 Men non lavil kote yo
te rete nan plenn yo: Echtawòl, Zorea, Akna, 34 Zanoa,
An-Gannim, Tapwak, Enan, 35 Jamout, Adoulam, Soko,
Azeka, 36 Charayim, Aditayim, Gedera ak Gedewotayim.
Sa te fè antou katòz lavil ak tout ti bouk ki sou lòd yo.
37 Te gen tou Etzenan, Adaka, Migdal-Gad, 38 Dilean,
Am Mizpe, Jokteyèl, 39 Lakis, Boska, Eglon, 40 Kabon,
Lamas, Kitlis, 41 Jedewòt, Bèt-Dagon, Nama, Makeda.
Sa te fè antou sèz lavil ak tout ti bouk ki sou lòd yo. 42 Te
gen tou Libna, Etè, Akan, 43 Jifta, Akna, Nezib, 44 Keyila,
Akzib, Marecha. Sa te fè antou nèf lavil ansanm ak tout ti
bouk ki sou lòd yo 45 Te gen Ekwon ak tout ti bouk ki sou
lòd li. 46 Soti Ekwon pou al bò lanmè, tout lavil ki nan zòn
Asdòd ak tout ti bouk ki sou lòd yo, 47 Asdòd ak tout ti vil
ak tout ti bouk ki sou lòd li, Gaza ak tout ti bouk osinon ti
vil ki sou lòd li, depi ravin ki sou fwontyè Lejip la rive sou
lanmè ki sèvi yo limit la. 48 Men lavil yo te genyen nan
mòn yo: Chami, Jati, Soko, 49 Dana, Kiriyat-Sefè (Koulye
a li rele Debi), 50 Anad, Estemoa, Anim, 51 Gochenn,
Alon, Gilo. Sa te fè antou onz lavil ak tout ti bouk ki sou
lòd yo. 52 Te gen tou Arab, Douma, Echean, 53 Janoum,
Bèt-Tapwa, Afeka, 54 Oumeta, Kiriyat aba (Jòdi a li rele
Ebwon), ak Ziò. Sa te fè antou nèf lavil ak tout ti bouk ki
sou lòd yo. 55 Te gen ankò Maon, Kamèl, Zif, Jouta, 56
Jizrèyèl, Jokdeam, Zanoa, 57 Kayin, Gibeya, Tima, Antou
sa te fè dis lavil ak tout ti bouk ki sou lòd yo. 58 Te gen
ankò Aloul, Bètsou, Gidò, 59 Maarat, Bèt anòt, Eltekon.
Antou sa te fè sis lavil ak tout ti bouk ki sou lòd yo. 60
Te gen ankò Kiriyat-Baal (Jòdi a li rele Kiriyat-Jearim) ak
Araba. Antou sa te fè de lavil ak tout ti bouk ki sou lòd yo.
61 Men non lavil kote yo te rete nan dezè a: Bèt araba,
Miden, Sekaka, 62 Nibkan, Site Sèl la ak Angedi. Antou
sa te fè sis lavil ak tout ti bouk ki sou lòd yo. 63 Men,
moun Jida yo pa t' janm rive mete bann moun Jebis ki te
rete lavil Jerizalèm yo deyò. Kifè, jouk jòdi a moun Jebis
yo rete lavil Jerizalèm ansanm ak moun Jida yo.

16 Tè ki te vin pou moun fanmi Jozèf yo te konmanse
bò larivyè Jouden, anfas lavil Jeriko, sou bò solèy
leve. Li soti la, li moute nan mòn yo jouk li rive Betèl. 2 Li
soti Betèl, li moute Louz, li pase Atawòt, kote moun Aki
yo te rete. 3 Baliz fwontyè a desann apre sa bò solèy
kouche, nan direksyon peyi moun Jaflèt yo jouk sou limit

Bètowon, li pase rive Gezè, l' al bout nan lanmè. 4 Men
pòsyon tè ki te vin pou fanmi de pitit Jozèf yo: Manase ak
Efrayim. 5 Men tè yo te bay branch moun Efrayim yo pou
yo separe bay chak fanmi yon pòsyon. Sou bò solèy leve,
Atawòt, Adak te sèvi yo fwontyè jouk Bètowon. 6 Baliz
fwontyè a soti la, l' al bout nan lanmè Mediterane a. Li kite
lavil Mikmetat sou bò nò li. Sou bò solèy leve, fwontyè a
vire desann bò Taanat-Silo, li pase bò kote l', sou bò lès
lavil Janoa. 7 Li desann soti Janoa, li pase lavil Atawòt ak
Nara, li rive lavil Jeriko, l' al bout sou larivyè Jouden. 8
Li soti Tapwa, li pran direksyon lwès jouk li rive nan dlo
Kana, l' al bout sou lanmè a. Men tout pòsyon tè ki te
vin pou branch fanmi Efrayim yo. Yo separe l', yo bay
chak fanmi yon pòsyon, 9 ansanm ak lavil yo te pran nan
mitan ti mòn moun Manase yo pou bay moun Efrayim yo.
10 Men yo pa t' rive mete moun Kanaran ki te rete lavil
Gezè yo deyò. Se konsa, jouk jòdi a moun Kanaran yo ap
viv nan mitan moun Efrayim yo. Men, yo te fòse moun
Kanaran yo fè kòve pou yo.

17 Manase te premye pitit gason Jozèf. Se konsa yon
pòsyon nan tè a vin pou moun fanmi Manase yo.
Maki, papa Galarad, te premye pitit gason Manase. Se te
yon vanyan sòlda. Se konsa yo te ba li peyi Galarad ak
peyi Bazan. 2 Apre sa, yo bay fanmi lòt pitit Manase yo
yon pòsyon nan tè a, dapre kantite moun yo te genyen:
yon pòsyon pou pitit Abyezè yo, yon pòsyon pou pitit Elèk
yo, yon pòsyon pou pitit Asriyèl yo, yon pòsyon pou pitit
Sichèm yo, yon pòsyon pou pitit Efè yo, yon lòt pòsyon
pou pitit Chemida yo. Se moun sa yo ki te branch fanmi
pitit gason Manase, pitit Jozèf la. 3 Nan branch fanmi
Manase a, te gen yon nonm yo te rele Zelochad. Se te
pitit gason Efè. Efè sa a te pitit Galarad, Galarad te pitit
Maki, Maki te pitit Manase. Zelochad pa t' gen pitit gason
menm. Se fi ase li te fè. Men ki jan yo te rele: Mala, Noa,
Ogla, Milka ak Tiza. 4 Yo vin jwenn Eleaza, prèt la, Jozye,
pitit gason Noun lan, ak tout chèf yo. Yo di yo konsa: -
Seyè a te bay Moyiz lòd pou l' te ban nou yon pòsyon nan
tè a, tankou tout moun nan fanmi an. Se konsa, jan Seyè
a te bay lòd la, yo ba yo yon pòsyon pou yo tankou tout
moun nan fanmi papa yo. 5 Konsa yo te rive bay moun
Manase yo dis pòsyon tè, san konte peyi Galarad ak peyi
Bazan ki lòt bò larivyè Jouden an, 6 paske pitit fi Manase
yo te resevwa yon pòsyon apa pou yo tankou pitit gason l'
yo. Men, yo te bay peyi Galarad la pou lòt pitit Manase yo.
7 Men limit tè yo te bay moun Manase yo. Li konmanse bò
tè moun Asè yo, li rive lavil Mikmetat, anfas Sichèm, sou
bò solèy leve. Li vire desann bò sid nan direksyon Jamen
nan peyi moun Antapwak yo. 8 Tout peyi Tapwak la te
pou moun Manase yo. Men, lavil Tapwak ki sou fwontyè a
te pou moun Efrayim yo. 9 Limit la desann nan ravin Kana
a, li pase sou bò nò ravin lan epi l' al bout nan lanmè.
Tout lavil ki te sou bò sid ravin lan, atout yo te nan mitan
tè moun Manase yo, se pou moun Efrayim yo yo te ye. 10
Moun Efrayim yo te anba sou bò sid, moun Manase yo te
anwo sou bò nò, avèk lanmè Mediterane a sou bò solèy
kouche. Pòsyon tè yo a te rive sou lizyè tè moun Asè yo
sou bò nò ak lizyè tè moun Isaka yo sou bò lès. 11 Nan
mitan pòsyon tè ki te vin pou moun Isaka yo ak moun Asè
yo, yo te bay moun Manase yo lavil Bèt-Chean ak tout ti
bouk ki sou lòd li yo, moun ki rete lavil Ibleyam, lavil Dò ki
bò lanmè a, lavil Andò, lavil Tanak, lavil Megido ak tout ti
bouk ki te sou lòd yo. 12 Men, moun fanmi Manase yo pa
t' kapab mete moun ki t'ap viv nan lavil sa yo deyò. Se
konsa moun Kanaran yo te rive rete nan peyi a. 13 Men,
lè moun Izrayèl yo vin pi fò, yo pa mete yo deyò nan peyi
a, yo sèlman fòse yo fè kòve pou yo. 14 Moun fanmi Jozèf
yo di Jozye konsa: -Poukisa se yon sèl pòsyon ou ban
nou nan tè a pou rele nou pa nou? Nou anpil wi. Seyè a
pa manke beni nou. 15 Jozye reponn yo: -Si nou anpil,
si mòn nan peyi Efrayim yo pa ase pou nou, se pou n'
moute nan gwo rakbwa ki nan peyi moun Ferezi yo ak
moun refrayim yo, n'a koupe bwa fè plas pou nou. 16
Moun fanmi Jozèf yo di l' ankò: -Mòn lan pa kont pou
nou. Lèfini, moun Kanaran ki rete nan plenn yo gen cha
an fè pou fè lagè. Moun Kanaran ki rete Bèt Chean ak
nan ti bouk ki sou lòd yo, ansanm ak sa ki rete nan plenn
Jizreyèl yo gen menm kalite cha a tou. 17 Jozye di moun
Jozèf yo, ki vle di moun Efrayim yo ak moun Manase yo: -
Nou anpil vre. Nou gen anpil fòs. Nou pa ka rete ak yon
sèl pòsyon tè. 18 Tout mòn yo ap pou nou. Malgre se yon
gwo rakbwa yo ye. N'a koupe bwa yo, epi n'a pran tout
zòn lan nèt pou nou. Pou moun Kanaran yo menm, atout
nou wè yo gen cha ki fèt an fè, atout yo fò a, rive yon lè,
n'a mete yo deyò.

18 Lè yo fin soumèt tout peyi a, tout moun pèp Izrayèl
yo reyini lavil Silo kote yo te kanpe Tant Randevou
a. Tout peyi a te pou yo. 2 Men, te gen sèt branch fanmi
nan pèp Izrayèl la ki pa t' ankò resevwa pòsyon pa yo nan
tè a. 3 Lè sa a, Jozye di yo: -Kisa n'ap tann pou n' al pran
peyi Seyè a, Bondye zansèt nou yo, ban nou an? 4 Chak
branch fanmi pral chwazi twa gason ban mwen. M'a voye
yo al mache toupatou nan peyi a. Y'a make pòsyon yo ta
renmen gen pou yo. Apre sa, y'a tounen vin jwenn mwen.
5 Y'a separe rès peyi a an sèt pòsyon. Moun branch fanmi
Jida yo va rete sou tè pa yo nan sid, epi moun branch
fanmi Jozèf yo va rete sou pòsyon tè pa yo tou nan nò. 6
N'a make sou papye jan nou ta renmen separe rès peyi a
an sèt pòsyon. N'a pote papye a ban mwen isit la. Apre
sa, m'a vin tire osò pou nou devan Seyè a, Bondye nou
an. 7 Moun Levi yo menm p'ap resevwa ankenn pòsyon
nan tè a tankou lòt branch fanmi yo, paske tou sa y'a gen
pou yo fè se sèvi pou yo sèvi prèt pou Seyè a. Pou moun
branch fanmi Gad yo, moun branch fanmi Woubenn yo ak
mwatye nan branch fanmi Manase a, yo gen tan resevwa
pòsyon pa yo lòt bò larivyè Jouden, sou bò solèy leve, jan
Moyiz, sèvitè Bondye, te ba yo l' la. 8 Se konsa mesye
yo al vizite tout peyi a pou yo ka make sou papye jan
peyi a ye. Anvan sa, Jozye te bay mesye yo lòd sa a: -
Ale mache nan tout peyi a. Make jan nou wè l'. Apre sa,

tounen vin jwenn mwen. M'a moute Silo pou m' ka tire osò
pou nou, pou m' ka konnen volonte Seyè a. 9 Mesye yo
pati, yo mache nan tout peyi a. Yo make sou papye tout
lavil yo jwenn. Yo separe yo fè sèt pòsyon ak non tout
lavil yo, epi yo pote l' bay Jozye nan kan Silo a. 10 Lè sa
a, Jozye tire osò pou yo devan Seyè a nan Silo. Se la li
separe peyi a bay moun pèp Izrayèl yo. Li bay chak moun
pòsyon ki vin pou yo. 11 Moun branch fanmi Benjamen
yo te jwenn pòsyon tè ki nan mitan an, pòsyon tè moun
Jida yo yon bò ak pòsyon tè moun Jozèf yo yon lòt bò.
12 Sou bò nò, lizyè yo a te konmanse larivyè Jouden, li
moute flan nò mòn Jeriko a, li rale moute sou mòn yo
nan direksyon solèy kouche, jouk li rive nan dezè Bèt
avenn lan. 13 Apre sa, li pase lavil Louz, sou bò sid bit
Louz la kote yo rele jouk jòdi a Betèl. Li desann Atawòt
ada, sou mòn ki sou bò sid lavil Bètowon an. 14 Lizyè a
fè yon koub, li vire kite direksyon lwès, li pran direksyon
sid, depi sou mòn ki anfas Bètowon an sou bò sid, jouk
li rive lavil Kiriyat-Baal yo rele Kiriyat-Jearim jòdi a, ki
te pou moun Jida yo. Se sa ki te limit pòsyon pa moun
Benjamen yo sou bò solèy kouche. 15 Men limit yo sou
bò sid: li pati depi nan Kalfou Kiriyat-Jearim lan, li moute
bò Gachen, li pran direksyon lwès, li parèt bò sous dlo
Neftoa yo. 16 Apre sa, li rive jouk bò mòn ki anfas fon
Pitit Ennon an, ki sou bò nò plenn Refayim yo. Li pran
pant mòn moun Jebis yo desann nan fon Ennon an, l' al
bout sou Anwogèl. 17 Apre sa, li fè yon koub li vire sou
nan nò, li pase Anchemèch. Apre sa, li rive Gelilòt anfas
pas Adoumim. Li desann bò Wòch Boan. Boan sa a te
pitit Woubenn. 18 Apre sa, li pase sou flan nò mòn Neta
araba, li desann nan fon Jouden an. 19 Li rive sou flan
nò mòn Bèt-Ogla. L' al bout nan pwent nò lanmè Mouri
a, nan bout sid larivyè Jouden an. Se sa ki te limit sid
yo. 20 Sou bò solèy leve, larivyè Jouden an te sèvi yo
baliz. Men limit pòsyon tè yo te bay moun Benjamen yo
pou yo separe bay chak fanmi pa yo. 21 Men non lavil
ki te pou fanmi moun Benjamen yo. Se te Jeriko, Bèt-
Ogla, Emèkkesis, 22 Bèt arara, Semarayim, Betèl, 23
Avim, Para, Ofra, 24 Kefa amoni, Ofni, Geba. Sa te fè
antou douz lavil ak tout ti bouk ki sou lòd yo. 25 Te gen
tou Gabawon, Rama, Beewòt, 26 Mizpe, Kefira, Mosa,
27 Rekèm, Jipeyèl, Tareala, 28 Sela-Elèf, Jebis ki vle di
Jerizalèm, Gibeya ak Kiriyat. Sa te fè antou katòz lavil ak
tout ti bouk ki sou lòd yo. Men pòsyon tè yo te bay branch
fanmi Benjamen yo pou yo separe bay chak fanmi pa yo.

19 Dezyèm pòsyon an te vin pou moun Simeyon yo,
pou yo separe bay chak fanmi pa yo. Pòsyon tè yo
a te nan mitan pòsyon tè yo te bay moun branch fanmi
Jida yo. 2 Men lavil yo te ba yo pou yo separe pou yo:
Bècheba, Cheba, Molada 3 Asa-Chwal, Bala, Atsèm, 4
Eltolad, Betoul, Oma, 5 Ziklag, Bèt Makabòt Asa-Sousa,
6 Bèt Lebayòt ak Chawouyèm. Sa te fè antou trèz lavil ak
tout ti bouk ki sou lòd yo. 7 Yo te ba yo ankò Ayin, Rimon,
Etè ak Achan, kat lòt lavil ak tout ti bouk ki sou lòd yo. 8
Fòk nou konte tou tout ti bouk nan vwazinaj lavil sa yo
rive jouk Baalat-Beyè ak Rama nan dezè a. Men pòsyon
tè yo te bay branch fanmi Simeyon yo pou yo separe bay
chak fanmi pa yo. 9 Nan pòsyon tè moun Jida yo, yo te
pran yon pòsyon bay moun Simeyon yo, paske pòsyon tè
ki te pou moun Jida yo te twòp pou yo. Se konsa, moun
branch fanmi Simeyon yo te jwenn yon pòsyon tè ki te
nan mitan pòsyon tè moun Jida yo. 10 Twazyèm pòsyon
tè a te vin pou moun branch fanmi Zabilon yo, pou yo
separe bay chak fanmi pa yo. Pòsyon tè yo te resevwa
a te rive jouk Sarid. 11 Limit la moute bò lwès, li rive
Mareala, li pase Dabechèt. Apre sa, li rive nan ravin ki
pase anfas Jokneyam, 12 lòt bò lavil Sarid, nan direksyon
solèy leve, jouk yo rive sou limit Kislòt-Tabò. Apre sa, li
pran chemen Daberat, li moute Jafya. 13 Li soti Jafya
nan menm direksyon solèy leve a, li rive sou Gat-Efè ak
Itakasen. Li pase sou Rimon, li vire sou Nea. 14 Sou bò
nò, limit la vire sou Anaton, l' al bout nan fon Jiftayèl.
15 Yo te ba yo lavil sa yo tou: Katat, Naala, Chimwon,
Jideala ak Betleyèm. Sa te fè antou douz lavil ak tout ti
bouk ki te sou lòd yo. 16 Tout lavil sa yo ak tout ti bouk ki
te sou lòd yo te nan pòsyon tè yo te bay moun branch
fanmi Zabilon yo pou yo separe bay chak fanmi pa yo.
17 Katriyèm pòsyon tè a te vin pou moun branch fanmi
Isaka yo pou yo separe bay chak fanmi pa yo. 18 Pòsyon
sa a te rive jouk lavil Jizreyèl. Men lòt lavil ki te ladan
l': Kesoulòt, Choumèm, 19 Afarayim, Chiyon, Anakarat,
20 Rabit, Kichyon, Abèz, 21 Remèt ak An-Gannim, An
ada ak Bèt-Pasèz. 22 Fwontyè a te rive lavil Tabò, lavil
Charasima ak lavil Bèt-Chemèch. Epi l' al bout nan larivyè
Jouden. Antou sa te fè sèz lavil ak tout ti bouk ki sou
lòd yo. 23 Tout lavil sa yo ak tout ti bouk ki te sou lòd
yo te nan pòsyon tè yo te bay moun branch fanmi Isaka
yo pou yo separe bay chak fanmi pa yo. 24 Senkyèm
pòsyon tè a soti pou branch fanmi Asè a pou yo separe
bay chak fanmi pa yo. 25 Men lavil ki te nan pòsyon tè pa
yo a: Elkat, Ali, Betèn, Akchaf, 26 Alamelèk, Ameyad,
Micheyal. Sou bò solèy kouche, li te rive mòn Kamèl ak
ravin Libnat. 27 Sou bò solèy leve, tè a rive jouk Bèt-
Dagon, li rive sou limit tè moun Zabilon yo, li pran fon
Jiftayèl la moute nan direksyon nò, li pase Bèt-Emèk ak
Neyèl, li bout sou Kaboul bò nan nò nèt. 28 Konsa men
lòt lavil ki te nan pòsyon tè sa a: Abdon, Reyòb, Amon ak
Kana jouk gwo lavil Sidon an. 29 Apre sa, limit la vire
tounen nan direksyon Rama jouk li rive nan gwo fò lavil Tir
la, li pouse pou Osa epi l' al bout nan lanmè Mediterane
a. Nan menm pòsyon tè yo a, te vin gen tou Maralèb,
Aksib, 30 Ako, Afèk, Reyòb. Sa te fè antou vennde lavil
ak tout ti bouk ki te sou lòd yo. 31 Tout lavil sa yo ak
tout ti bouk ki te sou lòd yo te nan pòsyon tè yo te bay
moun branch fanmi Asè yo pou yo separe bay chak fanmi
pa yo. 32 Se pou moun branch fanmi Neftali yo sizyèm
pòsyon tè a vini pou yo te ka separe bay chak fanmi pa
yo. 33 Limit la soti lavil Elèf, bò pye chenn Sanannim lan,
li pase Adami-Nekèd, Jabneyèl jouk li rive Lakoum, pou l'
al bout sou larivyè Jouden an. 34 Sou bò solèy kouche,

limit la vire sou Aznòt-Tabò. Lè l' soti la, l' al Oukòk, li
pase sou limit tè moun Zabilon yo bò nan sid, sou baliz tè
moun Asè yo sou bò lwès. Sou bò lès, li pase sou limit tè
moun Jida yo kote li lonje larivyè Jouden an. 35 Men lavil
ki te gen fò ak ranpa pou pwoteje yo: Se te Sidim, Sèr,
Amat, Raka, Kinerèt, 36 Adama, Rama, Asò, 37 Kadès,
Edreyi, An asò, 38 Jireyon, Migdalèl, Orèm, Bèt anat,
Bèt-Chemèch. Sa te fè antou disnèf lavil ak tout ti bouk
ki sou lòd yo. 39 Men tout lavil ansanm ak tout ti bouk
sou lòd yo ki te nan pòsyon tè yo bay moun Neftali yo
pou yo separe bay chak fanmi pa yo. 40 Se pou moun
branch fanmi Dann yo setyèm pòsyon tè a te vini pou yo
te ka separe bay chak fanmi pa yo. 41 Men lavil yo te
jwenn nan pòsyon tè pa yo a: Se te Soreya, Echtawòl,
Ichemèch, 42 Chalabin, Ajalon, Jitla, 43 Elon, Timnata,
Ekwon, 44 Eltekè, Gibeton, Baalat, 45 Jewoud, Bene-
Berak Gat-Rimon, 46 Me-jakon ak Rakon, ansanm avèk
tout tè ki anfas lavil Jope. 47 Men, moun branch fanmi
Dann yo kite lòt moun pran peyi a nan men yo. Se konsa,
yo moute al atake lavil Lechèm. Yo anvayi lavil la, yo
touye tout moun ki te rete ladan l'. Yo pran lavil la pou yo,
yo rete ladan l'. Epi yo chanje non l'. Yo pa rele l' Lechèm
ankò. Yo ba li non zansèt yo, yo rele l' Dann. 48 Men
pòsyon tè ansanm ak tout lavil ak ti bouk ki te sou lòd
yo, ki te vin pou moun branch fanmi Dann yo pou yo te
separe bay chak fanmi pa yo. 49 Aprè moun pèp Izrayèl
yo te fin separe rès peyi a bay chak branch fanmi pòsyon
pa yo, yo bay Jozye, pitit gason Noun lan, yon pòsyon
nan tè a ki pou rele l' pa l'. 50 Jan Seyè a te ba yo lòd la,
yo ba li lavil li te mande a: Timnat-Sera nan mòn Efrayim.
Li rebati lavil la epi li rete ladan l'. 51 Men divès pòsyon tè
Eleaza, prèt la, Jozye, pitit gason Noun lan, ak chèf fanmi
yo te separe bay branch fanmi pèp Izrayèl la, devan Seyè
a, nan papòt Tant Randevou a, apre yo te fin tire osò. Se
konsa yo te fin separe peyi a nèt.

20 Seyè a pale ak Jozye, li di l' konsa: 2 -Pale ak
moun pèp Izrayèl yo, di yo pou yo chwazi lavil kote
moun ka jwenn pwoteksyon, jan mwen te bay Moyiz lòd
pou yo fè a. 3 Lè yon moun touye yon moun san li pa
fè espre, san li pa t' gen lide fè sa, li ka kouri al kache
la pou yo ka pwoteje l' pou l' pa tonbe anba men moun
k'ap chache l' pou yo tire revanj. 4 Moun k'ap chache
pwoteksyon nan yonn nan lavil sa yo va kouri ale bò pòtay
lavil la, l'a esplike chèf fanmi lavil la sa ki te rive l'. Lèfini,
y'a kite l' antre nan lavil la. Y'a ba li yon kote pou l' rete
nan mitan yo. 5 Si moun k'ap chache tire revanj yo rive
jouk la deyè l', chèf fanmi lavil la p'ap renmèt yo nonm lan,
paske se pa espre li te fè lè l' te touye moun menm ras ak
li a. Li pa t' gen anyen avè l'. 6 L'a gen pou l' rete nan lavil
la jouk la parèt devan tout pèp la pou yo jije l', jouk moun
ki granprèt lè sa a va mouri. Se lè sa a nonm lan va gen
dwa tounen lakay li, nan lavil li te kouri kite a. 7 Se konsa,
moun yo pran lavil Kadès nan peyi Galile, nan mòn ki pou
moun branch fanmi Neftali yo, lavil Sichèm nan mòn ki
pou moun branch fanmi Efrayim yo ak lavil Kiriyat aba ki
rele koulye a Ebwon, nan mòn ki pou moun branch fanmi
Jida yo pou sèvi pwoteksyon. 8 Lòt bò larivyè Jouden an
menm, nan platon ki anfas lavil Jeriko, bò solèy leve, yo
chwazi twa lavil nan dezè a pou sa tou: Bezè nan zòn ki
pou moun branch fanmi Woubenn yo, Ramòt-Galarad nan
zòn ki pou moun branch fanmi Gad yo, ak Golan nan peyi
Bazan an nan zòn ki pou moun branch fanmi Manase
yo. 9 Men non lavil yo te chwazi pou bay pwoteksyon
yo. Nenpòt moun nan pèp Izrayèl la osinon nan moun lòt
nasyon k'ap viv nan mitan yo ki ta touye yon moun san fè
espre, l'a gen dwa kouri al kache la pou yo ka pwoteje l'
pou l' pa tonbe anba men moun ki fanmi pi pre moun li te
touye a, anvan li parèt devan tout pèp la pou yo jije l'.

21 Chèf fanmi Levi yo vin jwenn Eleaza, prèt la, Jozye,
pitit gason Noun lan, ak chèf tout lòt branch fanmi
pèp Izrayèl la. 2 Lè sa a, tout moun sa yo te reyini lavil
Silo, nan peyi Kanaran. Chèf fanmi Levi yo di yo: -Seyè a
te pale ak Moyiz pou nou. Li te bay lòd pou yo te ban
nou lavil pou nou rete ak savann pou bèt nou yo jwenn
manje. 3 Se konsa, moun pèp Izrayèl yo chwazi kèk lavil
ak tout savann pou bèt nan pwòp pòsyon tè pa yo, yo bay
moun branch fanmi Levi yo, jan Seyè a te bay lòd la. 4 Yo
tire osò. Premye moun ki jwenn pa yo se te moun fanmi
Keyat yo. Yo pran trèz lavil nan pòsyon tè ki pou moun
branch fanmi Jida, branch fanmi Simeyon ak branch fanmi
Benjamen yo, yo bay moun Keyat yo. Moun sa yo se
ras fanmi Arawon, prèt la, yo ye. 5 Apre sa, yo pran dis
lavil nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Efrayim, branch
fanmi Dann ansanm ak mwatye branch fanmi Manase yo,
yo separe bay lòt pitit Keyat yo, chak fanmi pa yo apa.
6 Lèfini, yo pran trèz lavil nan pòsyon tè ki pou branch
fanmi Isaka, branch fanmi Asè, branch fanmi Neftali ak
lòt mwatye branch fanmi Manase a nan peyi Bazan, yo
separe bay pitit Gèchon yo, chak fanmi pa yo apa. 7
Yo pran douz lavil nan pòsyon tè ki pou branch fanmi
Woubenn, branch fanmi Gad ak branch fanmi Zabilon yo,
yo separe bay pitit Merari yo, chak fanmi pa yo apa. 8 Se
konsa moun pèp Izrayèl yo te tire osò pou Seyè a te ka fè
yo konnen ki lavil ak tout savann pou yo bay moun Levi
yo, jan Seyè a te bay Moyiz lòd pou yo fè a. 9 Men non
lavil moun branch fanmi Jida ak branch fanmi Simeyon yo
te bay nan pòsyon tè pa yo. 10 Lavil sa yo te soti pou
moun fanmi Keyat, pitit gason Arawon, nan branch fanmi
Levi a. Premye gwoup lavil la te vin pou yo. 11 Yo te ba
yo lavil Kiriyat aba, ki rele koulye a Ebwon, yon lavil ki
te nan mòn peyi Jida yo, ansanm ak tout savann pou
mouton yo. Se lavil sa a ki te kapital peyi moun Anak yo.
12 Men, yo pran tout jaden ki te andeyò lavil la ak tout ti
bouk ki te sou lòd li yo, yo bay Kalèb, pitit gason Jefoune
a, pou rele l' pa l'. 13 Men lavil yo te bay moun fanmi
Arawon, prèt la: lavil Ebwon, kote moun ki touye moun ka
kouri al chache pwoteksyon, ansanm ak tout savann pou
bèt li yo, 14 lavil Jati, lavil Echtemoa, 15 lavil Olòn, lavil
Debi, 16 lavil Ayin, lavil Jouta, lavil Bèt-Chemèch, ansanm

ak tout savann pou bèt yo: Sa te fè nèf lavil yo te pran
sou de branch fanmi sa yo. **17** Nan pòsyon tè pou branch
fanmi Benjamen an, yo te bay lavil Gabawon, lavil Geba
ansanm ak tout savann pou bèt yo, **18** lavil Anatòt, lavil
Almon ansanm ak tout savann pou bèt yo. Sa te fè kat
lavil. **19** Antou yo te pran trèz lavil ak tout savann pou bèt
yo bay prèt yo, moun fanmi Arawon yo. **20** Lòt moun ki te
rete nan fanmi Keyat la, moun Levi ki pa t' ankò jwenn
anyen yo, resevwa lavil ki te nan pòsyon tè yo te bay
moun branch fanmi Efrayim yo. **21** Yo te ba yo yon lavil
nan mòn peyi Efrayim, lavil Sichèm kote moun ki touye
moun ka kouri al chache pwoteksyon, ansanm ak tout
savann pou bèt yo. Yo te ba yo tou lavil Gezè, **22** lavil
Kibsayim, lavil Bètowon ansanm ak tout savann pou bèt
yo. Sa te fè kat lavil sou tè moun branch fanmi Efrayim
yo. **23** Nan pòsyon tè moun branch fanmi Dann yo, yo ba
yo kat lavil: lavil Elteke, lavil Gibeton, **24** lavil Ajalon, lavil
Gat-Rimon, ansanm ak tout savann pou bèt yo. **25** Nan
pòsyon tè pou mwatye branch fanmi Manase a, yo ba yo
de lavil: lavil Tanak ak lavil Gat-Rimon ansanm ak tout
savann pou bèt yo. **26** Antou yo te bay rès moun nan
fanmi Keyat la dis lavil ak tout savann pou bèt yo. **27**
Pou moun Levi nan branch fanmi Gèchon yo, yo pran de
lavil sou tè ki pou mwatye branch fanmi Manase a, yo
ba yo. Se te lavil Golan nan peyi Bazan, yonn nan lavil
kote moun ki touye moun ka kouri al chache pwoteksyon,
ak lavil Bestra ansanm ak tout savann pou bèt yo. **28**
Yo ba yo kat lavil yo te pran sou tè ki pou branch fanmi
Isaka a. Se te lavil Kichyon, lavil Dabera, **29** lavil Jamout,
lavil Angannim ansanm ak tout savann pou bèt yo. **30** Yo
pran kat lavil nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Asè a ba
yo. Se te lavil Micheyal, lavil Abdon, **31** lavil Elkat, lavil
Reyòb ansanm ak tout savann pou bèt yo. **32** Yo pran twa
lavil nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Nèftali a ba yo
tou. Se te lavil Kadès nan peyi Galile, yonn nan lavil kote
moun ki touye moun ka kouri al chache pwoteksyon, lavil
Amot-Dò, lavil Katan ansanm ak tout savann pou bèt yo.
33 Sa te fè antou trèz lavil ansanm ak tout savann pou
bèt yo te bay moun fanmi Gèchon yo. **34** Pou rès moun
Levi ki nan branch fanmi Merari a, yo pran kat lavil nan
pòsyon tè ki pou branch fanmi Zabilon an ba yo. Se te lavil
Jokneyam, lavil Kata, **35** lavil Dimna, lavil Nalal ansanm
ak tout savann pou bèt yo. **36** Apre sa, yo pran kat lavil
nan pòsyon tè lòt bò larivyè Jouden ki pou moun branch
fanmi Woubenn lan ba yo. Se te lavil Bezè, yonn nan lavil
kote moun ki touye moun ka kouri al chache pwoteksyon
nan dezè sou platon an, lavil Jatsa, **37** lavil Kedemòt, lavil
Mefat ansanm ak tout savann pou bèt yo. **38** Yo ba yo kat
lòt lavil nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Gad la. Se te
lavil Ramòt-Galarad, yonn nan lavil kote moun ki touye
moun ka kouri al chache pwoteksyon, lavil Manayim, **39**
lavil Esbon, lavil Jazè ansanm ak tout savann pou bèt yo.
40 Antou sa te fè douz lavil ki te vin pou rès moun Levi yo,
pou moun fanmi Merari yo separe bay chak fanmi pa yo
apa. **41** Se konsa, yo te pran karantwit lavil ansanm ak
tout savann pou bèt nan mitan tè ki te pou moun Izrayèl
yo, yo bay moun Levi yo. **42** Chak lavil sa yo te mache ak
tout savann pou bèt yo. **43** Se konsa, Seyè a te bay pèp
Izrayèl la peyi li te pwomèt li t'ap bay zansèt yo a. Yo pran
tout peyi a pou yo, yo rete ladan l'. **44** Seyè a te fè yo
gen lapè sou tout fwontyè yo, jan li te pwomèt zansèt yo.
Ankenn lènmi pa t' resi kenbe tèt ak yo. Seyè a te lage
tout lènmi yo nan men yo. **45** Seyè a te kenbe dènye
pwomès li te fè pèp Izrayèl la. Tout bagay te pase jan l' te
pwomèt la.

22 Lè sa a, Jozye fè rele tout moun nan branch fanmi
Woubenn, nan branch fanmi Gad ak nan mwatye
branch fanmi Manase a, li reyini yo, **2** li di yo: -Nou fè tou
sa Moyiz, sèvitè Seyè a, te ban nou lòd fè a. Nou te koute
m' chak fwa mwen te mande nou fè kichòy. **3** Depi nan
konmansman rive jòdi a, nou pa lage moun pèp Izrayèl
parèy nou yo, nou te fè tou sa Seyè a, Bondye nou an,
te mande nou fè. **4** Koulye a, Seyè a, Bondye nou an,
ba yo lapè jan li te di yo a. Se konsa, nou mèt tounen
al lakay nou, nan peyi ki pou nou an, peyi Moyiz, sèvitè
Seyè a, te ban nou lòt bò larivyè Jouden. **5** Sèl bagay
n'ap mande nou, se pou nou obeyi kòmandman ak lalwa
Moyiz, sèvitè Seyè a, te ban nou an. Se pou nou renmen
Seyè a, Bondye nou an. Se pou nou toujou mache nan
chemen li mete devan nou an. Se pou nou fè tou sa l'
mande nou fè. Se pou nou kenbe pye l' fèm. Se pou nou
sèvi l' ak tout kè nou ak tout nanm nou. **6** Apre sa, Jozye
ba yo benediksyon, li voye yo ale. Epi, y' al lakay yo. **7**
Moyiz te pran peyi Bazan an, li te bay mwatye nan branch
fanmi Manase a. Jozye menm te bay lòt mwatye branch
fanmi an yon pòsyon tè nan peyi ki sou bò solèy kouche
larivyè Jouden an ansanm ak lòt branch fanmi pèp la. Lè
Jozye t'ap voye premye mwatye moun Manase yo ale
lakay yo, lè li fin beni yo, **8** li di yo konsa: -N'ap tounen
lakay nou avèk anpil richès, avèk anpil bèt, avèk anpil
bagay fèt an ajan, an lò, an kwiv, an fè, ansanm ak anpil
rad. Separe avèk moun pèp Izrayèl parèy nou yo tou sa
nou te pran nan men lènmi nou yo nan lagè. **9** Se konsa,
moun branch fanmi Woubenn yo, moun branch fanmi Gad
yo ak mwatye moun nan branch fanmi Manase yo tounen
tounen yo lakay yo. Yo kite rès pèp Izrayèl la lavil Silo nan
peyi Kanaran, y' al nan peyi Galarad, nan peyi yo te ba yo
a, dapre lòd Seyè a te bay Moyiz pou yo. **10** Lè moun
Woubenn yo, moun Gad yo ak mwatye moun Manase yo
rive devan larivyè Jouden, sou bò peyi Kanaran an, yo
bati yon kokenn chenn lotèl sou rivaj la. **11** Lòt moun pèp
Izrayèl yo vin konn sa. Moun te vin di yo: -Men moun
Woubenn yo, moun Gad yo ak mwatye moun Manase
yo bati yon lotèl toupre larivyè Jouden sou fwontyè peyi
Kanaran an, sou bò peyi moun Izrayèl yo. **12** Lè pèp
Izrayèl la vin konn sa, tout moun sanble lavil Silo pou
y' al goumen ak moun Woubenn yo, moun Gad yo ak
lòt mwatye moun Manase yo. **13** Moun pèp Izrayèl yo
voye Fineas, pitit gason Eleaza, prèt la, bò kote moun

Woubenn yo, moun Gad yo ansanm ak mwatye moun
Manase yo nan pèyi Galarad. 14 Yo te pran dis chèf, yonn
pou chak branch fanmi pèp Izrayèl la, yo voye yo avèk
Fineas. Chèf sa yo, se moun ki te alatèt branch fanmi
pèp Izrayèl yo. 15 Se konsa, mesye sa yo rive bò moun
Woubenn yo, moun Gad yo ak mwatye moun Manase yo
nan peyi Galarad, epi yo di yo: 16 -Men sa tout moun pèp
Izrayèl yo voye di nou: Ki bagay lèd sa a nou fè konsa
kont Bondye pep Izrayèl la? Poukisa jòdi a nou vire do
bay Seyè a, n' al bati yon lotèl pou tèt pa nou? Poukisa
nou leve kont Seyè a jòdi a? 17 Chonje peche nou te fè
bò Peyò a, lè Seyè a te pini pèp li a. Jouk koulye a n'ap
soufri pou bagay sa a toujou. Sa pa kont toujou? 18 Men
jòdi a, n'ap vire do bay Seyè a ankò. Si nou leve kont
Seyè a jòdi a, denmen se sou tout pèp Izrayèl la li pral
fache. 19 Si nou wè peyi yo ban nou an pa bon pou fè
sèvis Bondye, pito nou vin bò isit la nan peyi Seyè a, kote
kay Seyè a ye a. Mande pou yo ban nou yon pòsyon pou
nou ladan l'. Men, pa leve kont Seyè a, ni pa vire do ban
nou. Piga nou kite lotèl Seyè a, Bondye nou an, pou n' al
bati yon lòt lotèl. 20 Chonje Akan, pitit gason Zera a, lè li
te derefize swiv lòd Seyè a te bay pou bagay nou te fèt
pou detwi nèt yo. Lè sa a, se tout pèp Izrayèl la nèt wi,
Seyè a te pini. Se pa Akan sèlman ki te peye pou sa l' te
fè a. 21 Lè sa a, moun Woubenn yo, moun Gad yo ak
mwatye moun Manase yo pran lapawòl, yo reponn chèf
fanmi pèp Izrayèl la. Yo di yo: 22 -Seyè a, Bondye ki gen
plis pouvwa pase tout lòt bondye yo, konnen se pa paske
nou leve kont li, ni paske nou vle vire do ba li kifè nou bati
lotèl sa a. Li konnen sa, epi se pou l' fè pèp Izrayèl la
konn sa tou. Si se pou rezon sa yo nou te moute lotèl sa
a, se pou l' kite yo touye nou jòdi a menm. 23 Si nou bati
lotèl sa a pou nou vire do bay Seyè a, pou nou ka gen
lotèl pa nou pou boule bèt n'ap ofri yo sou li, oswa pou
fè lòt ofrann jaden nou yo, osinon ofrann pou di Bondye
mèsi, se pou Seyè a mande nou kont pou sa nou fè a. 24
Pou di vre, nou te fè l' paske nou te pè pou denmen pitit
pitit nou menm moun pèp Izrayèl bò lòt bò a pa di pitit pitit
pa nou yo bò isit la: Nou pa gen anyen pou nou wè ak
Seyè a. 25 Seyè a mete larivyè Jouden an tankou yon
limit nan mitan pèp Izrayèl la yon bò ak moun Woubenn
yo ak moun Gad yo yon bò. Se sa ki fè moun Woubenn
yo ak moun Gad yo pa gen anyen pou yo wè ak Seyè
a. Konsa pitit moun pèp Izrayèl yo va lakòz pitit moun
Woubenn yo ak pitit moun Gad yo sispann gen krentif
pou Seyè a. 26 Lè sa a nou di: Bon! Nou pral bati yon
lotèl, nou pa pral boule ofrann ni touye ankenn bèt sou li.
27 Sèlman, se pou lotèl sa a sèvi yon mak pou nou tout
ki la koulye a ak pou pitit nou yo, pou fè nou chonje se
Seyè a nou sèvi avèk ofrann boule nou yo, avèk bèt nou
touye yo, avèk ofrann pou di Bondye mèsi nou yo. Konsa
denmen, pitit moun pèp Izrayèl yo p'ap ka di pitit pa nou
yo: Wi, nou pa gen anyen pou nou wè ak Seyè a. 28 Nou
te fè lide si yon jou yon moun ta vin di nou bagay konsa,
osinon ta vin pale konsa ak pitit nou yo, n'a ka reponn yo:
Gade! Men lotèl zansèt nou yo te bati. Li pòtre ak lotèl
Seyè a. Se pa t' pou boule ofrann, ni pou touye ankenn
bèt sou li. Men, se te yon mak pou fè nou tout chonje sak
te pase! 29 Nou pa janm fè lide leve kont Seyè a, ni vire
do ba li. Nou pa bati yon lotèl jòdi a pou nou boule bèt nou
yo, ni pou fè ofrann jaden nou yo, ni pou touye bèt nou
ofri yo. Nou p'ap janm bati yon lòt lotèl ki pou ranplase
lotèl Seyè a, Bondye nou an, ki kanpe devan kay kote l'
rete a. 30 Lè Fineas, prèt la, chèf pèp la ak chèf branch
fanmi pèp Izrayèl ki te ale avè l' yo tande sa moun Gad,
moun Woubenn ak moun Manase yo te di yo, sa te fè yo
plezi anpil. 31 Lè sa a, Fineas, pitit gason Eleaza, prèt la,
pale ak yo, li di yo konsa: -Koulye a nou konnen Seyè a
avèk nou vre, paske nou pa t' chache vire do ba li. Se
konsa nou sove pèp Izrayèl la anba chatiman Seyè a. 32
Apre sa, Fineas, pitit Eleaza, prèt la, ak tout chèf yo kite
moun Woubenn yo ak moun Gad yo nan peyi Galarad, yo
tounen nan peyi Kanaran al jwenn rès pèp Izrayèl la. Yo
rapòte yo repons lòt moun yo te ba yo a. 33 Sa te fè pèp
Izrayèl la plezi anpil: yo fè lwanj Bondye. Depi lè sa a, yo
pa janm pale ankò sou keksyon al atake moun Woubenn
yo ak moun Gad yo ni sou keksyon al detwi peyi moun sa
yo. 34 Moun branch fanmi Woubenn yo ak moun branch
fanmi Gad yo rele lotèl la Temwen, paske yo t'ap di: L'a
sèvi temwen devan nou tout se Seyè a ki Bondye.

23 Depi lontan Seyè a te fin bay moun pèp Izrayèl yo
lapè nan mitan tout lènmi l' yo. Jozye bò pa l' te fin
granmoun. Li te gen anpil laj sou tèt li. 2 Li fè rele tout
pèp Izrayèl la, tout chèf fanmi yo, tout lòt chèf yo, tout jij
yo, tout notab nan peyi a, li di yo: -Koulye a mwen fin
granmoun! 3 Nou te wè tou sa Seyè a, Bondye nou an, te
fè tout pèp sa yo ki t'ap kenbe tèt ak nou. Se Seyè a,
Bondye nou an, ki t'ap goumen pou nou. 4 Koute! Mwen
separe tout peyi a bay chak branch fanmi pòsyon pa yo.
Mwen separe ni peyi nou deja pran nan men nasyon nou
disparèt yo, ni peyi ki rete pou nou pran nan men kèk lòt
nasyon, depi larivyè Jouden bò solèy leve jouk lanmè
Mediterane a bò solèy kouche. 5 Seyè a, Bondye nou an,
pral pran peyi a nan men moun ki rete la yo, l'ap mete yo
deyò pou nou ka pran tè a pou nou, jan Seyè a, Bondye
nou an, te di l' la. 6 Se pou nou fè sa nou kapab pou
nou toujou swiv tou sa ki ekri nan liv lalwa Moyiz la, san
neglije anyen ladan l'. 7 Pa mele avèk moun lòt nasyon
k'ap viv nan mitan nou yo. Pa nonmen non bondye yo. Pa
pran non bondye yo pou fè sèman. Pa mete ajenou devan
bondye yo. Pa fè sèvis pou yo. 8 Se Seyè a, Bondye nou
an, ase pou nou toujou kenbe fèm, jan nou te toujou fè
l' jouk jounen jòdi a. 9 Seyè a te mete yon bann gwo
nasyon ki te fò anpil deyò devan nou. Pesonn pa t' kapab
kenbe tèt ak nou jouk jòdi a. 10 Yon sèl gason nan mitan
nou kont pou fè mil gason nan lènmi nou yo kouri met
deyò, paske Seyè a, Bondye nou an, ap goumen pou
nou, jan li te di l' la. 11 Atansyon wi! Se pou nou renmen
Seyè a, Bondye nou an. 12 Si nou vire do bay Bondye, si

n' al mete tèt nou ansanm ak rès moun lòt nasyon sa yo
k'ap viv nan mitan nou, si nou marye ak yo, si nou nan
antre soti avèk yo, 13 nou mèt sèten, Seyè a, Bondye nou
an, p'ap mete pèp sa yo deyò devan nou ankò. Okontrè,
l'ap fè yo tounen yon pèlen, yon senn pou fèmen nou, yon
fwèt nan dèyè nou, yon pikan nan je nou jouk l'a fè nou
disparèt nan bon peyi sa a Seyè a, Bondye nou an, te
ban nou. 14 Mwen menm, mwen pa lwen kite tè a. Nou
tout nou konnen nan kè nou ak nan lespri nou Seyè a,
Bondye nou an, te ban nou tout bèl bagay li te pwomèt
nou yo. Li kenbe tou sa li te pwomèt, yo tout rive vre. 15
Wi, menm jan Seyè a, Bondye nou an, te fè pou nou tout
bèl bagay li te pwomèt nou yo, konsa tou, si nou vire do
ba li, l'a voye sou nou tout kalite malè, jouk l'a disparèt
nou nèt nan bon peyi Seyè a, Bondye nou an, ban nou
an. 16 Si nou pa respekte kontra Seyè a, Bondye nou an,
te pase ak nou an, si n' al adore lòt bondye, si n' al fè
sèvis pou yo, Seyè a pral move sou nou, epi lapoula, n'ap
disparèt nan bon peyi sa a li te ban nou an.

24 Jozye reyini tout branch fanmi pèp Izrayèl yo lavil
Sichèm. Li fè rele tout chèf fanmi yo, tout lòt chèf
yo, tout jij yo ak tout notab yo. Yo parèt devan lotèl Seyè
a. 2 Jozye di pèp la konsa: -Men sa Seyè a, Bondye pèp
Izrayèl la, di: Lontan lontan, zansèt nou yo, Terak ak de
pitit gason l' yo, Abraram ak Nakò, t'ap viv nan yon peyi
lòt bò larivyè Lefrat, kote yo t'ap sèvi lòt bondye. 3 Lè
sa a, mwen pran Abraram lòt bò larivyè Lefrat la, mwen
fè l' travèse tout peyi Kanaran an. Mwen ba li anpil pitit
pitit. Pou konmanse, mwen ba li Izarak. 4 Apre sa, mwen
bay Izarak de pitit: Jakòb ak Ezaou. Mwen bay Ezaou
tout mòn Seyi a pou li. Men Jakòb desann nan peyi Lejip
ansanm ak tout pitit li yo. 5 Apre sa, mwen voye Moyiz ak
Arawon nan peyi Lejip. Mwen fè gwo malè tonbe sou peyi
a pou pini moun li yo. Mwen fè nou soti kite peyi a. 6 Lè
mwen fè zansèt nou yo soti kite peyi Lejip, yo rive bò
lanmè Wouj la. Moun peyi Lejip yo pran kouri dèyè yo ak
cha lagè yo ak kavalye yo jouk lanmè Wouj la. 7 Zansèt
nou yo rele nan pye m', mwen mete yon fènwa nan mitan
yo ak moun peyi Lejip yo. Mwen fè lanmè a vini sou moun
peyi Lejip yo, li kouvri yo. Nou te wè ak je nou sa mwen te
fè moun peyi Lejip yo. Apre sa, nou pase anpil tan ap viv
nan dezè a. 8 Lèfini, mwen fè nou antre nan peyi moun
Amori yo, lòt bò larivyè Jouden, sou bò solèy leve. Yo
leve goumen ak nou. Men mwen lage yo nan men nou.
Nou pran peyi yo a pou nou. Mwen disparèt yo devan nou
kote nou pase. 9 Apre sa, Balak, pitit gason Zipò a, wa
peyi Moab, leve vin fè nou lagè. Li fè chache Balaram,
pitit gason Peyò a, pou l' vin ban nou madichon. 10 Men,
mwen pa koute l'. Konsa, li te blije ban nou benediksyon.
Se konsa mwen sove nou nan men Balak. 11 Lèfini, nou
janbe lòt bò larivyè Jouden, nou rive lavil Jeriko. Moun ki
te rete lavil Jeriko yo pran goumen ak nou. Moun Amori
yo, moun Ferezi yo, moun Kanaran yo, moun Et yo, moun
Gigach yo, moun Evi yo ak moun Jebis yo fè menm bagay
la tou. Mwen lage yo tout nan men nou. 12 Mwen voye
yon kantite gèp panyòl devan nou. Yo fè de wa moun
Amori yo kouri met deyò anvan nou rive sou yo. Se pa t'
ni banza nou yo ni nepe nou yo ki te fè sa! 13 Apre sa,
mwen ban nou tè nou pa t' janm travay plante. Mwen ban
nou anpil lavil nou pa t' janm bati. Se la nou rete koulye a.
N'ap manje rezen nan pye rezen nou pa t' plante, oliv
nan pye oliv nou pa t' plante. 14 Koulye a menm, se pou
nou gen krentif pou Seyè a, se pou nou sèvi l' ak tout kè
nou tout bon vre. Voye bondye zansèt nou yo te konn
sèvi lòt bò larivyè Lefrat la ak nan peyi Lejip la jete! Sèvi
Seyè a. 15 Men, si nou pa vle sèvi Seyè a, depi koulye a
chwazi sa nou vle sèvi a: oswa bondye zansèt nou yo t'ap
sèvi nan peyi lòt bò larivyè Lefrat la, osinon bondye moun
Amori yo t'ap sèvi nan peyi kote n'ap viv koulye a. Men,
pou mwen menm ansanm ak tout moun lakay mwen, se
Seyè a n'ap sèvi. 16 Pèp la reponn! -Nou p'ap janm fè lide
vire do bay Seyè a pou n' al sèvi lòt bondye. 17 Se Seyè
a, Bondye nou an, ki te fè nou soti ansanm ak zansèt nou
yo nan esklavaj nou te ye nan peyi Lejip la. Se li menm ki
te fè tout gwo mèvèy sa yo devan je nou. Se li menm ki te
pwoteje nou tout kote nou pase, nan mitan tout nasyon
sa yo, lè nou t'ap travèse peyi yo. 18 Se Seyè a ki te
chase tout pèp sa yo pou yo te fè plas pou nou ansanm
ak moun Amori yo ki te rete nan peyi a. Nou menm tou,
se Seyè a n'ap sèvi, paske se limenm ki Bondye nou. 19
Lè sa a, Jozye di pèp la: -Nou p'ap ka sèvi Seyè a, paske
Seyè a se yon Bondye ki apa, yon Bondye ki fè jalouzi. Li
p'ap janm padonnen peche nou yo ak sa n'ap fè ki mal.
20 Si nou lage Seyè a, si n' al sèvi lòt bondye, Seyè a pral
leve dèyè nou. Atout li te fin fè tout byen sa yo pou nou,
l'a pini nou, l'a fini nèt ak nou. 21 Pèp la reponn: -Non. Sa
p'ap janm rive. Se Seyè a n'ap sèvi! 22 Lè sa a, Jozye
di pèp la: -Mwen pran nou sèvi temwen, se nou menm
menm ki chwazi se Seyè a n'ap sèvi. Yo reponn: -Wi, nou
tout temwen. 23 Jozye di yo lè sa a: -Koulye a, se pou
nou pran tout bondye lòt pèp ki nan mitan nou ap sèvi
yo, voye yo jete. Se pou nou apiye nèt ak tout kè nou
sou Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la. 24 Pèp la reponn li:
-Se Seyè a, Bondye nou an, n'ap sèvi. N'ap koute tou
sa li di nou fè. 25 Se konsa, jou sa a, Jozye pase yon
kontra avèk pèp la lavil Sichèm. Li ba yo tout lwa ak tout
regleman pou yo swiv. 26 Jozye ekri yo tout nan liv lalwa
Bondye a. Li pran yon gwo wòch, li plante l' kanpe anba
pye chenn ki te anndan kote yo te mete apa pou Seyè a.
27 Epi Jozye di pèp la konsa: -Nou wè wòch sa a! Enben,
l'ap sèvi yon mak pou l' fè nou chonje paske li te tande
tout pawòl Seyè a te di nou. L'ap sèvi yon mak pou l' fè
nou chonje pou nou pa janm vire do bay Bondye nou
an! 28 Apre sa, Jozye voye pèp la ale, chak moun sou
pòsyon tè ki te vin pou fanmi yo. 29 Apre tout bagay sa
yo, Jozye, pitit gason Noun lan, sèvitè Seyè a, mouri. Li te
gen sandizan (110 an). 30 Yo antere l' sou tè ki te pou li
a, nan zòn Timnat-Sera, nan mòn ki pou branch fanmi
Efrayim lan, sou bò nò mòn Gach. 31 Pèp Izrayèl la te

sèvi Seyè a pandan tout tan Jozye te vivan an, epi apre
sa, pandan tout tan chèf ki te konnen sa Seyè a te fè pou
pèp Izrayèl la te vivan toujou. **32** Pèp Izrayèl la te pran
zosman Jozèf yo avèk yo lè yo t'ap soti kite peyi Lejip. Yo
antere zosman yo sou moso tè Jakòb te achte nan men
pitit Amò yo pou san pyès ajan. Se Amò sa a ki te papa
Sichèm. Moso tè a rete pou pitit pitit Jozèf yo. **33** Apre sa,
lè Eleaza, pitit gason Arawon an, mouri, yo antere l' sou ti
mòn ki te pou Fineas, pitit gason l' lan. Yo te ba li ti mòn
sa a ki nan mitan mòn ki pou branch fanmi Efrayim lan.

Jij

1 Apre Jozye mouri, pèp Izrayèl la mande Seyè a: -
Nan tout branch fanmi nou yo, kilès ladan yo ki pou al
atake moun Kanaran yo anvan? 2 Seyè a reponn yo:
-Se branch fanmi Jida a ki pou premye ale. Se mwen
menm k'ap lage tout peyi a nan men yo. 3 Moun Jida yo
di moun Simeyon yo konsa: -Ann al ansanm ak nou nan
pòsyon tè yo ban nou an, nou menm moun Jida yo. Enpi
n'a mete ansanm pou goumen ak moun Kanaran yo. Apre
sa, nou menm moun Jida yo, n'a ale ansanm ak nou nan
pòsyon tè yo ban nou an, nou menm moun Simeyon yo.
Se konsa, moun Simeyon yo ale ansanm ak 4 moun Jida
yo, yo moute al goumen. Seyè a lage moun Kanaran yo
ak moun Ferezi yo nan men yo. Yo bat yon lame dimil
(10.000) sòlda nan lavil Bezèk. 5 Yo jwenn Adonibezèk l'a
tou. Yo goumen avè l'. Yo bat moun Kanaran yo ak moun
Ferezi yo byen bat. 6 Adonibezèk te kouri pou yo. Yo
kouri dèyè l', yo mete men sou li, epi yo koupe de dwèt
gwopous li yo ak de gwo tèt zòtèy pye l' yo. 7 Lè sa a,
Adonibezèk di: -Mwen te koupe dwèt gwopous ak gwo
tèt zòtèy pye swasanndis wa. Yo te konn ranmase kras
manje ki tonbe anba tab mwen. Jòdi a, Bondye fè m' sa
m' te fè yo a. Yo mennen msye lavil Jerizalèm. Se la li
mouri. 8 Moun fanmi Jida yo al atake lavil Jerizalèm, epi
yo pran l'. Yo touye dènye moun ki te rete la, lèfini yo mete
dife ladan l'. 9 Apre sa, y' al goumen ak moun Kanaran
ki t'ap viv nan mòn yo ak nan pye mòn yo nan Negèv
la. 10 Moun Jida yo atake moun Kanaran ki te rete lavil
Ebwon, ki te rele anvan sa Kiriyat Aba. Yo bat Chechayi,
Ayiman ak Talmayi. 11 Yo kite Ebwon, yo mache al atake
moun ki te rete lavil Debi yo. Nan tan lontan yo te rete
lavil sa a Kiriyat-Sefè. 12 Kalèb di: -Moun ki va resi pran
lavil Kiriyat-Sefè a, m'ap marye l' ak Aksa, pitit fi mwen
an. 13 Se Otonyèl, pitit gason Kenaz, ti frè Kalèb la, ki
te pran lavil la. Konsa, Kalèb ba li Aksa, pitit fi li a, pou
madanm. 14 Lè Aksa rive lakay mari l', mari a di l' poukisa
li pa mande papa l' yon bon jaden. Akza al jwenn Kalèb.
Desann li desann bourik li, Kalèb mande l': -Sak genyen,
pitit mwen? 15 Akza reponn: -Mwen vin mande ou yon
favè. Se ou menm ki voye m' al viv nan dezè Negèv la, se
pou ou ban m' kote pou m' pran dlo tou. Se konsa Kalèb
ba li Sous Dlo Anwo ak Sous Dlo Anba Negèv la. 16
Moun Kayen yo, fanmi bòpè Moyiz la, kite lavil Palmis. Yo
moute ansanm ak moun Jida yo nan dezè peyi Jida a sou
bò sid lavil Arad. Se la y' al rete ansanm ak moun Amalèk
yo. 17 Moun Jida yo ale ansanm ak moun Simeyon yo, yo
bat moun Kanaran ki te rete lavil Zefa yo. Yo detwi lavil la,
yo touye dènye moun ak dènye bèt ki te ladan l'. Yo boule
yo tankou yon ofrann pou Seyè a. Yo chanje non lavil
la, yo rele l' Oma. 18 Moun Jida yo pa t' pran lavil Gaza
ak tout zòn ki sou zòd li, lavil Askalon ak tout zòn ki sou
zòd li, lavil Ekwon ak tout zòn ki sou zòd li. 19 Seyè a te
kanpe ak moun Jida yo, li fè yo pran tout mòn yo pou
yo. Men, yo pa t' kapab mete moun ki nan laplenn yo
deyò paske yo te gen cha lagè fèt an fè. 20 Jan Moyiz te
bay lòd la, yo pran lavil Ebwon bay Kalèb. Kalèb mete
twa pitit gason Anak yo deyò nan lavil la. 21 Men, moun
branch fanmi Benjamen yo pa t' mete moun Jebis yo deyò
nan lavil Jerizalèm. Se konsa moun Jebis yo rete ap viv
ansanm ak moun Benjamen yo nan lavil Jerizalèm jouk
jòdi a. 22 Moun de branch fanmi Jozèf yo moute al atake
lavil Betèl ki te rele Louz anvan sa. Seyè a te kanpe avèk
yo tou. 23 Yo voye kèk moun an kachèt al wè jan sa ye
nan lavil la. 24 Moun yo te voye yo kontre yon nonm ki
t'ap soti lavil la. Yo di l' konsa: -Moutre nou ki jan moun ka
antre nan lavil la. Nou pwomèt ou nou p'ap fè ou anyen.
25 Se konsa nonm lan moutre yo ki jan pou yo antre nan
lavil la. Yo touye tout moun ki te nan lavil la, esepte nonm
lan ansanm ak tout fanmi l'. 26 Apre sa, nonm lan pati ale
nan peyi moun Et yo. Li bati yon lavil laba a, li rele l' Louz.
Se konsa yo rele lavil la jouk jòdi a. 27 Moun branch fanmi
Manase yo pa t' rive mete tout moun deyò nan lavil Bèt
Chean, nan lavil Tanak, nan lavil Dò, nan lavil Jibleyam,
nan lavil Megibo ak nan tout ti bouk ki te sou kont yo.
Konsa, moun Kanaran yo te toujou ap viv nan peyi a. 28
Lè moun Izrayèl yo te vin pi fò, yo fòse moun Kanaran yo
travay pou yo, men, yo pa janm mete yo deyò. 29 Moun
branch fanmi Efrayim yo tou pa t' mete moun Kanaran yo
deyò nan lavil Gezè. Se konsa, moun Kanaran yo rete
viv la ansanm ak yo. 30 Moun branch fanmi Zabilon yo
pa t' mete moun Kanaran yo deyò nan lavil Kitwon ak
nan lavil Naalòl. Moun Kanaran yo te rete viv ansanm
ak yo, men yo te blije travay pou moun Zabilon yo. 31
Moun branch fanmi Asè yo pa t' mete moun Kanaran yo
deyò nan lavil Sidon, lavil Alad, lavil Akzid, lavil Elba, lavil
Afik ak lavil Reyòb. 32 Se konsa, moun Asè yo t'ap viv
ansanm ak moun Kanaran ki te rete nan peyi a, paske yo
pa t' mete yo deyò. 33 Moun branch fanmi Nèftali yo pa t'
mete moun Kanaran yo deyò nan lavil Bèt-Chemèch, ni
nan lavil Bèt Anat. Yo te rete ansanm ak moun Kanaran
ki te rete nan peyi a. Men, moun lavil Bèt-Chemèch ak
moun lavil Bèt anat yo te blije travay pou yo. 34 Moun
Amori yo menm te kwense moun fanmi Dann yo nan mòn
yo. Yo pa t' kite yo desann nan plenn lan menm. 35 Se
konsa, moun Amori yo rete rete yo nan mòn Erès, nan
lavil Ayalon ak nan lavil Chalbim. Men, lè moun fanmi
Jozèf yo rive donminen sou yo, yo fè yo travay pou yo.
36 Fwontyè peyi moun Amori yo te konmanse depi pas
Eskòpyon yo, moute rive gwo Wòch.

2 Zanj Seyè a kite Gilgal, li moute nan Kriye. Li di pèp
Izrayèl la konsa: -Mwen fè nou soti kite peyi Lejip.
Mwen fè nou antre nan peyi mwen te pwomèt zansèt nou
yo. Mwen te di mwen p'ap janm kase kontra mwen te
pase ak nou pou tout tan an. 2 Nou menm, bò pa nou,
piga nou fè ankenn kontra ak moun k'ap viv nan peyi a.
Se pou nou kraze tout lotèl yo. Men, nou pa fè sa m' te di
nou fè a. Gade sa nou pito fè! 3 Se poutèt sa m'ap di
nou: Mwen p'ap mete yo deyò devan nou. Y'ap rete la bò
kote nou, bondye yo ap tounen yon pèlen pou nou. 4

Lè zanj Seyè a fin di yo sa, tout pèp la pran kriye. **5** Se
poutèt sa yo rele kote yo te ye a Nankriye. Epi yo ofri
bèt pou touye pou Seyè a la. **6** Jozye voye pèp la ale
lakay yo. Se konsa, chak branch fanmi pèp la pati al pran
pòsyon tè yo te ba yo nan peyi a. **7** Pèp Izrayèl la te sèvi
Seyè a pandan tout tan Jozye te vivan. Apre sa, yo sèvi l'
pandan tout tan chèf ki te konnen sa Seyè a te fè pou pèp
Izrayèl la te vivan toujou. **8** Jozye, pitit gason Noun lan,
sèvitè Seyè a, mouri. Li te gen sandizan (110 an). **9** Yo
antere l' sou tè ki te vin pou li a nan zòn Timnat-Erès, nan
mòn ki pou branch fanmi Efrayim lan, sou bò nò mòn
Gach. **10** Tout jenerasyon moun Jozye yo te fin mouri tou,
yo te al jwenn zansèt yo anba tè. Apre yo, te vin gen yon
lòt jenerasyon moun ki te bliye ni Seyè a ni sa li te fè pou
pèp Izrayèl la. **11** Moun pèp Izrayèl yo lage kò yo nan fè
sa ki mal nan je Seyè a. Y' al sèvi Baal yo. **12** Yo vire do
bay Seyè a, Bondye zansèt yo a, Bondye ki te fè yo soti
kite peyi Lejip la. Yo tonbe mache dèyè lòt bondye ki te
fè pati bann bondye pèp ki te la toupatou bò kote yo. Y'
al adore yo. Sa te fè Seyè a an kolè sou yo. **13** Yo vire
do bay Seyè a, y' al fè sèvis pou Baal yo ak Astate yo.
14 Seyè a vin an kòlè sou pèp Izrayèl la, li kite ansasen
atake yo pou pran tou sa yo te genyen. Li kite lènmi ki
toupatou bò kote yo mete pye sou kou yo. Yo pa t' ka
kenbe tèt devan lènmi yo ankò. **15** Chak fwa y' al nan
lagè, Seyè a te pran pozisyon kont yo pou malè yo, jan
li te di li t'ap fè l' la. Se konsa yo t'ap bat yon sèl mizè!
16 Se lè sa a Seyè a voye bay pèp Izrayèl la kèk chèf,
vanyan gason ki te delivre yo anba men ansasen yo. **17**
Men, menm chèf sa yo, yo pa t' koute yo. Yo vire do bay
Seyè a, y' al dèyè lòt bondye, yo fè sèvis pou yo. Yo te
toujou prese kite chemen dwat kote zansèt yo t'ap mache
lè yo t'ap swiv lòd Seyè a. Yo pa t' koute lòd Seyè a. **18**
Chak fwa Seyè a voye yon chèf konsa ba yo, li te kanpe
la avèk chèf la, li te delivre yo anba men lènmi yo toutotan
chèf la te vivan. Seyè a te gen pitye pou yo paske yo t'ap
soufri anpil anba moun ki t'ap pèsekite yo ak anba moun
ki t'ap peze yo. **19** Men, mouri chèf la mouri, pitit yo te
rekonmanse lage kò yo nan menm vye bagay yo ankò pi
mal pase papa yo. Y' al dèyè lòt bondye, yo fè sèvis pou
yo, yo adore yo. Yo t'ap fè tèt di, yo derefize sispann fè
bagay sa yo. **20** Seyè a te fache anpil sou pèp Izrayèl
la. Li di konsa: -Nasyon an kase kontra mwen te mande
zansèt yo kenbe a. Yo pa vle koute m'. **21** Bon, mwen
menm tou, mwen p'ap mete lòt nasyon Jozye te mouri
kite nan peyi a deyò ankò. **22** Se konsa m'a wè kote m' ye
ak pèp Izrayèl la. M'a konnen si wi ou non yo soti pou fè
sa m' mande yo fè a jan zansèt yo te fè l' la. **23** Se konsa
Seyè a te kite lòt nasyon li pa t' lage anba men Jozye yo
rete nan peyi a. Li pa prese mete yo deyò.

3 Seyè a te kite kèk nasyon nan peyi a pou l' te ka
sonde moun pèp Izrayèl la ki patko fèt lè yo t'ap fè
lagè pou antre nan peyi Kanaran an. **2** Li te fè sa konsa
pou l' te ka moutre chak jenerasyon pèp Izrayèl la sa yo
rele fè lagè, sitou sa ki pa t' janm al nan lagè anvan sa. **3**
Men moun li te kite nan peyi a: Se te moun Filisti yo ki te
rete nan senk lavil, tout moun Kanaran yo, moun Sidon yo
ak moun Evi yo ki te rete nan mòn Liban yo, depi mòn
Baal-Emon jouk Pas Amat. **4** Se ak moun sa yo Seyè a
t'ap sonde pèp la pou l' te ka konnen si yo te soti pou
koute lòd Seyè a te bay Moyiz pou zansèt yo a. **5** Se
konsa pèp Izrayèl la twouve l' rete ap viv nan mitan moun
Kanaran yo, moun Et yo, moun Amori yo, moun Ferezi yo,
moun Evi yo ak moun Jebis yo. **6** Yo pran pitit fi moun sa
yo pou madanm, yo bay pitit gason moun sa yo pitit fi pa
yo pou madanm, epi yo pran sèvi bondye moun sa yo
tou. **7** Moun pèp Izrayèl yo tanmen fè bagay ki te mal
nan je Seyè a. Yo bliye Seyè a, Bondye-yo a, yo pran
fè sèvis pou Baal yo ak Achera yo. **8** Seyè a fache sou
pèp Izrayèl la epi li kite Kouchan-Riche Atayim, wa peyi
Mezopotami an, mete pye sou kou yo. Pandan witan pèp
Izrayèl la te anba men Kouchan-Riche Atayim. **9** Apre sa,
moun pèp Izrayèl yo pran kriye nan pye Seyè a. Seyè a
voye yon nonm pou delivre yo. Se te Otonyèl, pitit gason
Kenaz, ki te ti frè Kalèb. **10** Lespri Seyè a te sou li, li vin
yon gwo chèf nan peyi Izrayèl. Li leve l' al goumen. Seyè
a lage Kouchan-Riche Atayim, wa peyi Mezopotami an,
nan men li, li fè l' kraze l'. **11** Apre sa, te gen lapè nan
peyi a pandan karantan. Epi Otonyèl, pitit gason Kenaz la,
mouri. **12** Moun pèp Izrayèl yo te rekonmanse ap fè sa ki
te mal nan je Seyè a ankò. Seyè a pran Eglon, wa peyi
Moab la, li fè l' vin pi fò pase pèp Izrayèl la. Epi li fè l' leve
dèyè pèp Izrayèl la. **13** Eglon pran moun Amon yo ak
moun Amalèk yo ansanm avè l', epi yo ale, yo bat moun
pèp Izrayèl yo. Yo pran lavil Palmis yo pou yo. **14** Pandan
dizwitan pèp Izrayèl la te anba men Eglon, wa peyi Moab
la. **15** Apre sa, moun pèp Izrayèl yo pran kriye nan pye
Seyè a. Seyè a voye yon lòt moun pou delivre yo. Se te
Eyoud, pitit gason Gera, moun branch fanmi Benjamen
an. Msye te goche. Moun pèp Izrayèl yo bay Eyoud yon
kado al pote bay Eglon, wa peyi Moab. **16** Eyoud fè yo fè
yon ponya espesyal pou li. Ponya a te gen yon pye edmi
longè, li te file de bò. Li mare l' sou kwis pye dwat li, anba
rad li. **17** Epi li pote kado a bay Eglon, wa peyi Moab la.
Eglon te gwo anpil. **18** Lè Eyoud fin bay wa a kado a, li
voye moun ki te pote kado a ale. **19** Men li menm, lè li
rive bò estati zidòl yo ki toupre lavil Gilgal la, li tounen
vin jwenn Eglon. Li di l' konsa: -Monwa, mwen gen yon
komisyon pou ou, men fòk pa ta gen lòt moun la. Lè sa a,
wa a di moun ki te la yo: -Kite nou pou kont nou! Tout
moun ki te la avè l' yo soti. **20** Wa a te chita nan chanm
pa l' anwo kay la, kote ki te fè fre anpil. Eyoud pwoche bò
kote l', li di l' konsa: -Se yon mesaj Bondye ban m' pou
ou. Wa a leve kanpe. **21** Eyoud lonje men gòch li, li rale
ponya a bò kwis pye dwat li, epi li sèvi wa a yon kou nan
vant. **22** Li foure ponya a tout longè l' nèt jouk manch li
pèdi nan vant li, epi po grès la fèmen sou ponya a paske
Eyoud pa t' rale l' soti. Pwent ponya a menm te parèt pa
dèyè. **23** Lèfini, Eyoud soti nan chanm lan, li fèmen pòt yo
dèyè l', li klete yo, **24** epi l' ale fè wout li. Lè domestik wa

yo vini, yo wè pòt chanm wa a te fèmen akle. Yo di konsa:
-Gen lè wa a okipe anndan an. L'ap fè bezwen li. 25 Yo
tann yon bon ti moman, yo ba li tan pou l' fini. Men, yo
wè li pa janm louvri pòt la. Lè sa a, yo pran kle a epi yo
louvri. Yo wè wa a kouche tou long atè, li te mouri! 26
Pandan mesye yo t'ap tann tout tan sa a, Eyoud menm
gen tan chape kò l'. Li pase bò estati zidòl yo, epi li pran
wout mòn Seyira a pou li, l' ale. 27 Lè li rive Seyira nan
mòn peyi Efrayim lan, li kònen pou rele moun pèp Izrayèl
yo. Moun pèp Izrayèl yo desann soti nan mòn lan, epi
Eyoud pran mache alatèt yo. 28 Li di yo konsa: -Swiv
mwen! Seyè a lage moun Moab yo, lènmi nou yo, nan
men nou jòdi a! Yo tout desann swiv li. Yo bare pas dlo
kote moun Moab yo konn janbe larivyè Jouden an. Yo pa
kite yon moun pase. 29 Lè sa a, yo te touye dimil (10.000)
sòlda konsa, sòlda ki te gwonèg epi ki te konn goumen.
Yonn pa chape. 30 Jou sa a, moun pèp Izrayèl yo bat
moun Moab yo byen bat. Apre sa, pandan katreventan te
gen lapè nan peyi a. 31 Apre Eyoud, yo vin gen yon lòt
chèf: Se te Chanmga, pitit Anat. Li menm menm avèk yon
fwèt kach po bèf, li te touye sisan (600) sòlda nan lame
moun Filisti yo. Konsa li delivre pèp Izrayèl la.

4 Lè Eyoud mouri, moun pèp Izrayèl yo rekonmanse
ankò ap fè bagay ki te mal nan je Seyè a. 2 Lè sa a,
Seyè a te kite Jaben, wa peyi Kanaran an, mete pye sou
kou yo. Jaben sa a t'ap gouvènen nan lavil Azò. Chèf ki
t'ap kòmande lame Jaben an te rele Sisera. Li menm, li te
rete lavil Awochèt-Goyim. 3 Li te gen nèfsan (900) cha
lagè fèt an fè. Pandan ventan li t'ap maltrete moun pèp
Izrayèl yo, li t'ap malmennen yo. Lè sa a, pèp Izrayèl la
pran rele nan pye Seyè a. 4 Debora, madanm yon nonm
yo te rele Lapidòt, te pwofèt Bondye. Nan tan sa a, se li ki
te konn rann jijman sou tout bagay nan peyi Izrayèl la. 5
Nan mòn peyi Efrayim yo, ant lavil Rama ak lavil Betèl, te
gen yon pye palmis yo te rele Palmis Debora. Se la anba
pye palmis sa a li te konn chita, lèfini moun nan pèp la
te konn vin kote l' pou l' te regle tout bagay pou yo. 6
Li voye chache Barak, pitit gason Abinoram, moun lavil
Kadès nan peyi moun Neftali yo. Li di l' konsa: -Men lòd
Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, voye ba ou: Ale! Mennen
sòlda ou yo sou mòn Tabò. Nan branch fanmi Neftali a ak
nan branch fanmi Zabilon an, pran dimil (10.000) gason
avè ou. 7 M'a pral fè Sisera, kòmandan an chèf lame wa
Jaben an, vin goumen avè ou bò larivyè Kichon an. L'ap
vini avèk cha lagè l' yo ansanm ak tout sòlda li yo. Men,
m'ap lagè l' nan men ou. 8 Barak di Debora: -Si ou prale
avè m', m'a prale. Men si ou pa prale avè m', mwen pa
prale. 9 Debora reponn: -Bon. Dakò! M' prale avè ou.
Men, yo p'ap janm di se ou ki te bat Sisera, paske se yon
fanm Seyè a ap fè touye l'. Epi Debora leve, l' ale lavil
Kadès ansanm ak Barak. 10 Barak rele moun nan branch
fanmi Zabilon yo ak moun nan branch fanmi Neftali yo vin
Kadès. Se konsa dimil (10.000) gason ale avè l'. Debora
ale avè l' tou. 11 Lè sa a te gen yon nonm nan fanmi
Kayen an yo te rele Ebè ki te moute kay li toupre lavil
Kadès, bò pye chenn nan fon Zaranayim lan. Li te wete
kò l' nan mitan lòt moun fanmi Kayen yo, desandan Obab,
bòpè Moyiz la. 12 Y' al di Sisera men Barak, pitit gason
Abinoram lan, te pran chemen moute mòn Tabò. 13 Sisera
fè chache nèfsan (900) cha lagè an fè l' yo ak tout sòlda li
yo, li fè yo kite Awochèt-Goyim desann ravin Kichon. 14
Debora di Barak konsa: -Annou wè! Jòdi a, se jou Seyè
a pral lage Sisera nan men ou. Se Seyè a k'ap mache
devan ou. Se konsa, Barak desann soti sou mòn Tabò a
avèk dimil (10.000) sòlda dèyè l'. 15 Lè Barak parèt avèk
lame l' la, Seyè a lage yon sèl kè kase sou Sisera ak tout
moun sou cha lagè l' yo ansanm ak tout lame l' la. Sisera
desann sot sou cha li a, li met deyò, li di pye sa m' manje
m' pa ba ou! 16 Barak menm pran kouri dèyè cha yo ak
lame a jouk Awochèt-Goyim. Yo touye tout sòlda Sisera
yo nèt. Yo pa kite yonn chape. 17 Sisera kouri sou de pye
l' bò tant Jayèl, madanm Ebè, moun branch fanmi Kayen
yo, paske Jaben, wa Azò a, ak moun fanmi Ebè yo te
byen yonn ak lòt. 18 Jayèl soti al kontre Sisera, epi li di l'
konsa: -Vini non, chèf mwen! Vin kache lakay mwen non!
Ou pa bezwen pè anyen. Se konsa Sisera antre lakay
Jayèl ki kache msye anba yon gwo dra. 19 Sisera di l'
konsa: -Tanpri, ban m' ti gout dlo. Swaf ap touye m'! Jayèl
louvri yon veso lèt fèt an po, li ba l' ti gout lèt bwè, epi li
kache l' anba gwo dra a ankò. 20 Sisera di l' ankò: -Rete
kanpe devan papòt tant lan. Nenpòt moun ki ta vin mande
ou si gen yon moun nan kay la w'a reponn li: Non. Pa gen
pesonn. 21 Sisera te sitèlman bouke, dòmi pote l' ale. Lè
sa a, Jayèl, madanm Ebè, pran yonn nan pikèt tant yo ak
yon mato, li pwoche tou dousman bò kote Sisera, epi li
foure pikèt la nan tanp msye, li fè l' travèse tèt Sisera pak
an pak, jouk li antre nan tè. Epi Sisera mouri. 22 Lè Barak
rive bò kay la ap chache Sisera, Jayèl soti vin kontre l',
epi li di l': -Vini non! M'a fè ou wè moun w'ap chache a!
Se konsa Barak antre avè l' anba tant li a, li wè Sisera
kouche atè a tou mouri avèk pikèt la plante nan tanp li. 23
Jou sa a, Bondye te fè Jaben, wa peyi Kanaran an, bese
tèt devan pèp Izrayèl la. 24 Moun pèp Izrayèl yo pran
maltrete Jaben, wa peyi Kanaran an, jouk yo touye l'.

5 Jou sa a, Debora ak Barak, pitit gason Obinoram lan,
pran chante chante sa a: 2 -Lwanj pou Seyè a, lè
moun pèp Izrayèl yo soti pou yo goumen, lè pèp la pote
tèt li ak kè kontan pou fè lagè! 3 Nou menm wa yo, koute
sa m'ap di! Nou menm gwo chèf yo, louvri zòrèy nou!
Mwen pral chante pou Seyè a! Mwen pral fè lwanj Sengè
a, Bondye pèp Izrayèl la! 4 Seyè! Lè ou te kite mòn Seyi
yo, lè ou te soti nan zòn peyi Edon an, latè te pran tranble,
lapli tonbe anpil sot nan syèl la. Wi, nwaj yo pran lage dlo.
5 Mòn yo pran tranble devan mèt mòn Sinayi a, devan
Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la! 6 Sou tan Chanmga, pitit
gason Anat la, ak sou tan Jayèl, bann machann yo te
sispann pwonmennen nan tout peyi a ak bèt yo. Vwayajè
yo te blije pase nan lòt chemen. 7 Lavil peyi Izrayèl yo pa

t' gen moun ladan yo ankò pou pran defans yo. Yo te rete
san moun pou defann yo, jouk jou mwen menm, Debora,
mwen parèt tankou yon manman pou pèp Izrayèl la. 8 Lè
sa a, te prèt pou gen lagè nan peyi a. Moun pèp Izrayèl
yo tanmen sèvi lòt bondye. Lè sa a tou, te gen karantmil
(40.000) gason nan pèp Izrayèl la. Men, pa t' gen yon plak
pwotèj ak frenn pou yo sèvi. 9 Mwen kontan chèf k'ap
kòmande pèp Izrayèl la! Mwen kontan moun ki te pote tèt
yo pou y' al goumen! Lwanj pou Seyè a! 10 Nou menm ki
moute manman bourik blan yo, nou menm ki chita sou
bèl tapi, nou menm k'ap mache apye sou gran chimen,
kalkile sa byen! 11 Koute vwa moun ki al bò sous dlo yo!
Y'ap rakonte tout bèl bagay Seyè a te fè, bèl bagay li
te fè pou pèp Izrayèl la. Lè sa a, pèp Seyè a te desann
bò pòtay yo. 12 Annavan! Debora! Annavan! Annou wè!
Chante yon chante! Annavan! Annavan! Barak! pitit gason
Abinoram lan! Mennen prizonye yo vini! 13 Lè sa a, sa ki
pa t' vire do bay Bondye yo desann vin jwenn chèf yo.
Pèp Seyè a vin jwenn li, tou pare pou lagè. 14 Yo soti nan
mòn Efrayim yo desann nan fon an, dèyè moun Benjamen
yo ak sòlda lame yo. Kòmandan lame yo desann soti
Maki, jeneral yo soti nan peyi Zabilon. 15 Chèf branch
fanmi Isaka yo te la avèk Debora. Wi, moun Isaka yo vini,
Barak te vini tou. Yo swiv li nan tout plenn lan. Men, moun
branch fanmi Woubenn yo te divize. Yo pa t' ka deside
pou yo vini. 16 Poukisa yo rete dèyè avèk mouton yo?
Pou yo te ka tande gadò yo ap rele bann mouton yo? Wi!
Moun Woubenn yo te an balan. Yo pa t' ka deside si y'ap
vini, si yo p'ap vini! 17 Moun Galarad yo te rete rete yo lòt
bò larivyè Jouden an. Moun Dann yo rete rete yo sou bato
yo. Moun Asè yo rete rete yo bò lanmè a, yo rete sou tout
rivaj yo. 18 Men, moun Zabilon yo ak moun Neftali yo al
brave danje kote batay la ye a. 19 Wa yo vini, yo kwaze
fè bò Tanak, toupre sous dlo Megido a. Wa peyi Kanaran
yo goumen, men yo pa jwenn anyen pou yo pote ale! Pa
menm yon ti moso ajan! 20 Zetwal yo rete nan syèl la yo
goumen. Yo rete kote y'ap mache nan syèl la, yo goumen
ak Sisera. 21 Dlo ravin Kichon an desann pote yo ale. Wi,
se ansyen ravin lan, ravin Kichon an, ki fè sa. M'ap mache
pran yo, je m' byen kale! 22 Lè sa a, yo tande chwal yo ki
t'ap galope ale. Chwal yo t'ap pilonnen tè a ak zago yo.
23 Zanj Seyè a di: Ann mande madichon pou lavil Mewòz!
Madichon, madichon pou tout moun k'ap viv nan lavil la.
Yo pa t' vin ede Seyè a, yo pa t' voye sòlda goumen pou li.
24 Nan tout fanm ki sou latè, Jayèl se yon fanm Bondye
beni anpil. Wi, Jayèl, madan Ebè, moun fanmi Kayen, nan
tout fanm ki sou latè, se yon fanm Bondye beni anpil. 25
Sisera mande l' dlo, li ba li lèt. Li ba l' yon krèm lèt nan pi
bèl bòl li te genyen. 26 Li pran yon pikèt tant nan men
gòch li, yon mato travayè nan men dwat li. Li frape Sisera
nan tèt ak mato a, li krabouye tèt li. Li pèse tanp li, li touye
l'. 27 Sisera tonbe sou jenou, li woule atè, epi li mouri nan
pye Jayèl. Wi, nan pye madanm lan, li tonbe sou jenou li
yo, li woule atè. Kote li kouche a, li mouri frèt. 28 Manman
Sisera ap gade nan fennèt la. L'ap gade dèyè jalouzi a,
l'ap mande: -Kote cha pitit mwen an depi tout tan sa a?
Poukisa chwal li yo pran tout reta sa a pou yo vini? 29 Lè
sa a, medam ki gen plis konprann nan sèvant li yo reponn
li. Li menm tou, li t'ap repete nan kè l': 30 -Koulye a yo
dwe ap separe sa yo pran nan men lènmi yo! Yon fi, de fi
pou chak sòlda, bèl twal koulè byen bwode pou Sisera,
yon gwo mouchwa bwode byen bèl pou l' mete nan kou l'.
31 Wi, Seyè! Se konsa pou tout lènmi ou yo mouri. Men,
zanmi ou yo ap klere tankou solèy midi. Apre sa, te gen
lapè nan peyi a pandan karantan.

6 Pèp Izrayèl la lage kò l' ankò nan fè sa ki mal nan
je Seyè a. Seyè a kite moun peyi Madyan yo mete
pye sou kou yo pandan sètan. 2 Moun peyi Madyan yo
te pi fò pase moun pèp Izrayèl yo. Se poutèt sa, moun
pèp Izrayèl yo al kache kò yo nan fon ravin, nan gwòt,
nan twou wòch yo jwenn nan mòn yo. 3 Chak fwa moun
Izrayèl yo te fè yon ti plante, moun Madyan yo moute
ansanm avèk moun Amalèk yo ak lòt bann moun k'ap viv
sou bò solèy leve, yo vin atake yo. 4 Yo moute tant yo
sou tè moun Izrayèl yo, yo ravaje tout rekòt yo rive jouk
toupre lavil Gaza. Yo pa kite anyen pou moun Izrayèl yo
manje, pa menm yon mouton, yon bèf osinon yon bourik.
5 Lè konsa, yo moute ak tout tant yo ak bann bèt yo. Yo
moute an kantite, ou ta di bann krikèt vèt. Ou pa ka konte
konbe ki genyen, ni kantite chamo yo mennen ak yo. Yo
te vin nan peyi a pou ravaje l'. 6 Moun peyi Madyan yo te
fini ak moun Izrayèl yo. Lè sa a, moun Izrayèl yo kriye
nan pye Seyè a, yo mande l' sekou. 7 Lè pèp Izrayèl la te
kriye nan pye Seyè a pou moun peyi Madyan yo, 8 Seyè
a te voye yon pwofèt bay pèp la ki di yo: -Men sa Seyè
a, Bondye pèp Izrayèl la, voye di nou: Se mwen menm
ki te fè nou soti nan peyi Lejip kote nou te nan esklavaj
la. 9 Mwen te delivre nou anba men moun Lejip yo ak
anba men tout lòt moun ki t'ap malmennen nou isit la.
Mwen mete yo deyò pou yo fè plas pou nou, lèfini mwen
ban nou peyi moun sa yo pou nou rete. 10 Mwen te di
nou se mwen menm Seyè a ki Bondye nou an. Koulye a
nou rete nan peyi moun Amori yo, piga n' al sèvi bann
bondye moun sa yo. Men, nou pa t' koute m' lè m' te pale
nou. 11 Lè sa a, zanj Seyè a vini, li chita anba pye chenn
ki toupre yon ti bouk yo rele Ofra, ki te pou Joas, moun
fanmi Abyezè yo. Jedeyon, pitit gason l' lan, t'ap bat ble
an kachèt anndan kay kote yo konn kraze rezen an, pou
moun Madyan yo pa t' vin pran l' nan men l'. 12 Zanj Seyè
a parèt devan l', li di l' konsa: -Bonjou, vanyan sòlda! Seyè
a avè ou! 13 Jedeyon reponn li: -Adye, msye! Si Seyè a
avè nou vre, manyè di m' poukisa tout bagay sa yo rive
nou! Kote tout bèl bagay zansèt nou yo te rakonte nou
Seyè a te konn fè, jan se li menm ki te fè nou soti kite
peyi Lejip? Men koulye a, Seyè a lage nou, li kite moun
Madyan yo fè sa yo vle ak nou. 14 Lè sa a, Seyè a bay
Jedeyon lòd sa a, li di l': -Ale non. Avèk fòs kouraj ou
genyen an, w'a delivre pèp Izrayèl la anba men moun
peyi Madyan yo. Se mwen menm menm ki voye ou! 15

Jedeyon reponn li! -Tanpri, mèt! Avèk kisa mwen pral
delivre pèp Izrayèl la? Fanmi mwen, se li ki gen pi piti
moun nan branch fanmi Manase a. Lèfini, mwen menm
pou tèt pa m', se mwen menm ki pi piti lakay papa m'. **16**
Seyè a di l': -Ou ka fè l', paske m'ap kanpe la avè ou. Ou
pral kraze moun Madyan yo tankou si se te yon sèl moun
yo te ye. **17** Jedeyon reponn: -Si reyèlman vre ou vle fè m'
favè sa a, ban m' yon prèv se ou menm tout bon k'ap pale
avè m' la a. **18** Tanpri, pa deplase kote ou ye a jouk m'a
pote yon ofrann mete nan pye ou. Li reponn: -M'ap rete la
tann ou. **19** Se konsa, Jedeyon antre, li kwit yon jenn ti
kabrit. Li pran yon mamit farin frans, li fè pen san li pa
mete ledven ladan l'. Li mete vyann lan nan yon ti panyen,
li mete sòs vyann lan nan yon gode, li pote yo bay zanj
Seyè a anba pye chenn lan. Li lonje yo ba li. **20** Zanj lan
di l': -Mete vyann lan ak pen yo sou gwo wòch ou wè la a,
epi vide sòs la sou yo. Jedeyon fè sa vre. **21** Zanj Seyè a
leve baton ki te nan men l' lan, li lonje l', li manyen vyann
lan ak pen yo ak pwent baton an. Yon dife soti nan wòch
la, li boule tout vyann lan ak pen yo. Epi, lamenm zanj
Seyè a disparèt devan li. **22** Lè Jèdeyon wè se zanj Seyè
a menm ki te parèt devan l', li di: -Bondye Seyè o! Gade
malè ki rive m' non! Mwen wè zanj Seyè a fas pou fas! **23**
Men, Seyè a di l' konsa: -Ou pa bezwen pè. Poze san ou.
Ou p'ap mouri pou sa. **24** Jedeyon bati yon lotèl pou Seyè
a la menm. Epi li rele l': Seyè a bay kè poze. Jouk jòdi a
lotèl la la nan ti bouk Ofra a, sou pwopryete ki pou moun
Abyezè yo. **25** Menm jou lannwit sa a, Seyè a di Jedeyon
konsa: -Pran towo bèf papa ou la, ansanm ak yon lòt towo
ki gen sètan. Kraze lotèl papa ou te fè pou Baal la. Koupe
poto Achera ki bò kote l' la. **26** Moute sou ti bit sa a, bati
yon lotèl pou Seyè a, Bondye ou la, jan yo konn fè l' la.
Lèfini, pran dezyèm towo a, boule l' nèt sou lotèl la pou
mwen nan dife w'a fè avèk moso poto Achera ou te koupe
a. **27** Jedeyon pran dis nan domestik li yo, epi li fè tou sa
Seyè a te di l' fè. Men, li te pè fanmi l' yo ak lòt moun yo ki
rete nan lavil la. Li pa t' fè sa lajounen, l' al fè l' lannwit. **28**
Lè mesye yo ki rete nan lavil la leve granmaten, yo wè
lotèl Baal la kraze, poto Achera a koupe, epi dezyèm towo
a menm boule sou lotèl yo te bati la a. **29** Yonn di lòt: Ki
moun ki fè sa, en? Yo tonbe chache, yo t'ap mande moun
ki jan sa fè fèt. Yo vin konnen se Jedeyon, pitit Joas la, ki
te fè sa. **30** Mesye yo al di Joas konsa: -Fè pitit gason ou
lan soti vin jwenn nou isit la. Se pou n' touye l'! Li kraze
lotèl Baal la, epi li koupe gwo poto Achera ki te bò kote l'
la. **31** Joas reponn tout moun ki te kanpe devan l' yo. Li di
yo: -Anhan! Se nou ki pou goumen pou Baal? Se nou ki
pou defann li? Enben, moun ki vle goumen pou Baal gen
pou l' mouri anvan solèy leve. Si Baal se yon bondye vre,
se li ki pou defann tèt li. Se lotèl li a yo kraze! **32** Depi jou
sa a yo rele Jedeyon Jewoubaal paske Joas te di: Kite
Baal koresponn ak li, paske se lotèl Baal la li te kraze. **33**
Lè sa a, tout moun Madyan yo, tout moun Amalèk yo ak
tout moun k'ap viv nan dezè a bò solèy leve yo mete tèt
ansanm, yo janbe lòt bò larivyè Jouden an, yo moute kan
yo nan plenn Jizreyèl la. **34** Lespri Seyè a desann sou
Jedeyon. Li soufle nan yon kòn belye mouton, li rele tout
gason nan fanmi Abyezè a vin jwenn li. **35** Apre sa, li
voye mesaje nan tout peyi Manase a al rele moun yo pou
yo vin jwenn li tou. Li voye mesaje nan peyi Asè, nan peyi
Zabilon ak nan peyi Neftali. Tout moun sa yo moute vin
jwenn li. **36** Lè sa a, Jedeyon di Bondye konsa: -Si se
ou menm vre ki vle sèvi avè m' pou delivre pèp Izrayèl
la, **37** men mwen mete yon moso lenn sou glasi a. Si
denmen maten mwen wè gen lawouze sou moso lenn lan
sèlman epi tout rès glasi a chèch, lè sa a m'a konnen se
ou menm vre ki pral sèvi avè m' pou delivre pèp Izrayèl la.
38 Se sa ki te rive vre. Nan denmen maten, lè Jedeyon
leve byen bonè, li tòde moso lenn lan, li wete dlo ladan l'
kont pou ta plen yon bòl. **39** Lèfini, Jedeyon di Bondye
ankò: -Tanpri, pa fache sou mwen non! Kite m' di ou yon
dènye bagay. Kite m' fè esperyans moso lenn lan yon
lòt fwa ankò. Men, fwa sa a se pou moso lenn lan rete
chèch, epi pou lawouze sou tout glasi a. **40** Jou lannwit
sa a, Bondye fè sa konsa vre: moso lenn lan te rete byen
chèch, men te gen lawouze sou tout glasi a.

7 Jewoubaal, ki vle di Jedeyon, leve granmaten ansanm
ak tout moun ki te avè l' yo, y' al moute kan yo bò
Sous Awòd la. Moun Madyan yo menm te moute kan pa
yo nan tout plenn lan, nan pye mòn More, sou bò nò kan
Jedeyon an. **2** Seyè a di Jedeyon konsa: -Ou gen twòp
moun avè ou pou m' kite ou kraze moun Madyan yo!
Moun pèp Izrayèl yo va mete nan tèt yo se yo menm ak
pwòp fòs kouraj yo ki delivre peyi yo a, yo p'ap vle kwè se
mwen menm ki fè sa pou yo. **3** Koulye a, pale ak tout pèp
la. Di yo konsa: Si gen moun ki pè, k'ap tranble, yo mèt
al fè wout yo lakay yo, kite nou sou mòn Gilboa a. Se
konsa venndemil (22.000) moun al lakay yo. Te rete dimil
(10.000). **4** Seyè a di Jedeyon ankò: -Gen twòp moun
toujou. Fè yo tout desann bò larivyè a. M'a separe yo la
pou ou. Moun m'a di ou ki pou ale avè ou yo va ale. Moun
m'a di ou ki pa pou ale avè ou yo va rete. **5** Jedeyon fè
tout mesye yo desann bò larivyè a. Epi Seyè a di Jedeyon
konsa: -Tout moun w'a wè k'ap lape dlo tankou chen, w'a
mete yo yon bò, tout moun w'a wè ki va kwoupi pou bwè
dlo, w'a mete yo yon lòt bò. **6** Te gen twasan (300) gason
ki te pran dlo nan pla men yo epi ki t'ap lape dlo a. Tout
rès yo te kwoupi pou bwè dlo. **7** Seyè a di Jedeyon! -Se
avèk twasan nèg sa yo ou wè ki te lape dlo a mwen pral
delivre nou. Mwen pral lage moun Madyan yo nan men
ou. Kite tout lòt yo ale lakay yo. **8** Yo pran tout pwovizyon
lòt moun yo te genyen ansanm ak twonpèt yo, yo kenbe
yo pou yo. Lèfini, Jedeyon voye tout rès moun pèp Izrayèl
yo ale lakay yo. Li fè twasan (300) moun yo rete ak li
sou mòn lan. Moun Madyan yo menm te anba nan plenn
lan. **9** Jou lannwit sa a, Seyè a di Jedeyon konsa: -Leve
non! Desann al atake kan moun Madyan yo. Mwen lage
yo nan men ou. **10** Men si ou pè atake, desann bò kan
moun Madyan yo ansanm ak Poura, domestik ou a. **11**
W'a tande sa y'ap di. Lè sa a, w'a pran kouraj epi w'a

desann al atake yo. Se konsa Jedeyon desann ansanm
ak Poura, domestik li a, li rive toupre avanpòs kan an. 12
Moun Madyan yo, moun Amalèk yo ak moun k'ap viv nan
dezè bò solèy leve yo te kouvri tout plenn lan, tankou
desen krikèt vèt nan jaden. Chamo yo te genyen, moun
pa t' ka konte sa, menm jan yo pa ka konte grenn sab
bò lanmè. 13 Lè Jedeyon rive, li jwenn yon nonm ki t'ap
rakonte yon zanmi l' yon rèv li te fè. Li t'ap di l' konsa: -
Monchè, mwen fè yon rèv: Mwen wè yon pen won fèt ak
farin lòj ki t'ap woule nan mitan kan an. Epi li rive, l' al
frape sou tant lan. Tant lan chavire, li tonbe plat atè. 14
Zanmi an reponn li: -Boul pen won an, se nepe Jedeyon,
pitit Joas la, nonm pèp Izrayèl la. Sa pa vle di lòt bagay!
Bondye lage moun Madyan yo ak tout lame a nan men l'.
15 Lè Jedeyon tande rèv la ak esplikasyon yo ba li a, li
lage kò l' atè devan Bondye. Apre sa, li leve, li tounen nan
kan moun pèp Izrayèl yo. Li di yo: -Ann ale! Seyè a lage
kan moun Madyan yo nan men nou. 16 Li pran twasan
mesye yo, li fè twa gwoup. Li bay chak moun yon twonpèt
ak yon krich vid. Lèfini, li ba yo chak yon bwa chandèl
pou mete nan krich la. 17 Epi li di yo: -Se pou tout moun
gade sou mwen pou wè sa m'ap fè. Lè n'a rive toupre kan
an, tou sa n'a wè m' fè, n'a fè l' tou. 18 N'a fè wonn kan
an. Lè m'a kònen twonpèt ansanm ak tout moun ki avè
m' yo, nou menm tou n'a kònen twonpèt. Epi n'a rele:
Annavan pou Seyè a ak pou Jedeyon! 19 Lè Jedeyon
rive toupre kan an ansanm ak san moun ki te avè l' yo,
li te prèt pou menwit. Yo te fenk chanje faksyonnè. Yo
pran kònen twonpèt yo epi yo kraze krich yo te gen nan
men yo. 20 Tou twa gwoup moun yo pran kònen twonpèt
ansanm epi yo kraze krich yo. Yo kenbe bwa chandèl yo
nan men gòch yo, twonpèt yo nan men dwat yo pou yo ka
kònen yo, epi yo rele: -Ann al goumen pou Seyè a ak pou
Jedeyon! 21 Yo te kanpe fè wonn kan an, chak moun
nan plas yo. Lè sa a tout moun nan kan an pran kouri
met deyò, yo t'ap rele byen fò. 22 Antan twasan moun
Jedeyon yo t'ap kònen twonpèt yo, Seyè a menm t'ap fè
moun Madyan yo yonn ap goumen ak lòt. Sa ki chape yo
pran kouri nan direksyon Bèt-Chita bò Serera rive jouk bò
lavil Abèl Meola, toupre Tabat. 23 Lè sa a yo rele tout
gason nan branch fanmi Neftali a, nan branch fanmi Asè
a ak nan tout branch fanmi Manase a, epi yo pran kouri
dèyè moun Madyan yo. 24 Jedeyon menm voye mesaje
nan tout mòn Efrayim yo pou di mesye yo: -Desann, vin
goumen ak moun Madyan yo. Al bare yo bò dlo a sou
tout longè larivyè Jouden an jouk Bèt-Bara pou anpeche
yo pase. Tout moun Efrayim yo reyini vre. Epi y' al bare
wout la sou bò dlo a sou tout longè larivyè Jouden an jouk
Bèt-Bara. 25 Yo mete men sou Orèb ak Zeyèb, de nan
chèf moun Madyan yo. Yo touye Orèb sou Wòch Orèb la,
Zeyèb nan basen rezen Zeyèb la. Apre sa, yo kouri toujou
dèyè moun Madyan yo. Lèfini, yo pote tèt Orèb ak tèt
Zeyèb bay Jedeyon ki te sou bò solèy leve larivyè Jouden
an.

8 Moun fanmi Efrayim yo di Jedeyon konsa: -Poukisa ou
pa t' rele nou depi lè ou tapral goumen ak moun peyi
Madyan yo? Poukisa ou fè nou sa? Yo te fache anpil sou
li. 2 Men, li di yo: -Sa m' fè a pa ka parèt devan sa nou
menm nou fè a! Ti sa nou menm moun Efrayim yo, nou fè
a pi plis pase sa nou menm ti fanmi Abyezè a, nou fè! 3
Bondye lage Orèb ak Zeyèb, de chèf moun Madyan yo,
nan men nou. Kisa mwen fè ki ka parèt devan sa? Fini li
fin di yo sa, mesye Efrayim yo pa fache sou li ankò. 4
Jedeyon rive bò larivyè Jouden an avèk twasan mesye ki
te avè l' yo. Yo janbe larivyè a. Apre tout kouri sa a yo
te fè dèyè lènmi yo, yo te bouke anpil. 5 Jedeyon pale
ak moun lavil Soukòt yo, li di yo: -Tanpri, bay mesye m'
yo kèk moso pen pou yo manje. Yo bouke anpil. M'ap
kouri dèyè Zebak ak Salmouna, wa moun Madyan yo. 6
Men chèf lavil Soukòt yo di l' konsa: -Poukisa ou vle pou
nou bay lame ou la manje! Ala ou poko mete men sou
Zebak ak Salmouna! 7 Jedeyon di yo: -Anhan! Se konsa!
Bon! Lè Seyè a va fin lage Zebak ak Salmouna nan men
mwen, m'ap tounen pou nou! M'ap filange nou ak fwèt
pikan ak chadwon savann. 8 Li kite lavil Soukòt, li moute
lavil Penyèl. Li mande yo menm bagay la. Men, moun
lavil Penyèl yo reponn li tankou moun lavil Soukòt yo.
9 Jedeyon di yo: -Mwen gen pou m' tounen apre batay
la! Lè sa a, m'ap kraze gwo fò won sa a. 10 Zebak ak
Salmouna te lavil Kakò avèk tout lame yo. Nan tout kantite
sòlda moun dezè yo, te gen sanvenmil (120.000) sòlda
ki te mouri. Te rete sèlman kenzmil (15.000) gason. 11
Jedeyon pran wout ki pase nan dezè a, sou bò solèy leve
lavil Nobak ak lavil Yogbeya, epi li tonbe sou lame a ki te
kwè pa t' gen danje pou yo ankò. 12 Zebak ak Salmouna,
de wa Madyan yo, kouri met deyò. Jedeyon kouri dèyè
yo, li mete men sou yo, li gaye tout lame a, li fè yo kraze
rak. 13 Lè Jedeyon, pitit Joas la, tounen soti nan lagè a, li
pase sou ti mòn Erès la. 14 Li fè yo mete men sou yon
jenn gason ki te rete lavil Soukòt epi li keksyonnen l'. Jenn
gason an ekri non swasanndisèt moun ki te otorite ak chèf
fanmi lavil Soukòt li bay Jedeyon. 15 Apre sa, Jedeyon al
jwenn moun lavil Soukòt yo, li di yo: -Nou chonje jan nou
te joure m' pou Zebak ak Salmouna! Nou te di m' nou pa t'
ka bay mesye m' yo moso pen pou yo manje atout yo te
bouke, paske mwen pa t' ankò mete men sou Zebak ak
Salmouna. Men yo tande! 16 Lèfini, li pran branch pikan
ak chadwon nan savann lan, li bat chèf lavil Soukòt yo
byen bat. 17 Apre sa, l' al kraze gwo fò won lavil Penwèl
la, epi li touye mezi gason ki te rete nan lavil la. 18 Lèfini,
li di Zebak ak Salmouna: -Moun nou te touye sou mòn
Tabò a, ki jan yo te ye? Sa yo te sanble? Yo reponn: -Yo te
sanble avè ou. Nou ta di yo tout se pitit wa yo ye. 19 Li di
yo: -Se frè m' yo te ye, pitit menm manman avè m'. Mwen
fè sèman, devan Bondye ki vivan an, si nou pa t' touye
yo, mwen pa ta touye nou tou! 20 Epi li di Jetè, premye
pitit gason l' lan: -Annavan! Touye yo! Men, jenn gason an
pa wete nepe l' nan djenn li. Li te pè paske li te timoun
toujou. 21 Lè sa a, Zebak ak Salmouna di: -Annavan non,

monchè! Se ou menm ki pou touye nou! Se gason tout
bon ki pou fè kalite travay konsa. Jedeyon leve vre, li
touye Zebak ak Salmouna. Apre sa, li pran tout bijou ki te
gen fòm dekou lalen ki te mare nan kou chamo yo. 22
Apre sa, moun pèp Izrayèl yo di Jedeyon konsa: -Se pou
ou vin chèf sou nou, ou menm, pitit ou ak pitit pitit ou apre
ou. Paske ou delivre nou anba men moun Madyan yo. 23
Men, Jedeyon reponn yo: -Mwen p'ap chèf nou, ni pitit
mwen p'ap chèf nou tou. Se Seyè a ki va chèf nou. 24
Apre sa, Jedeyon di yo: -Yon sèl bagay m'ap mande nou:
Se pou chak moun wete yon grenn zanno nan sa li pran
an ban mwen. Moun Madyan yo te pote zanno lò, tankou
lòt moun k'ap viv nan dezè a. 25 Moun pèp Izrayèl yo
reponn li: -Se tout plezi nou pou n' ba ou yo! Yo louvri
yon rad atè, epi chak moun pran yon zanno nan sa yo te
pran an, yo mete l' sou rad la. 26 Tout zanno Jedeyon te
mande yo te fè antou swasant liv lò konsa, san konte
bijou ki te gen fòm dekou lalen yo, kolye yo, bèl rad wouj
ki te sou wa yo, ak kolye ki te mare nan kou chamo yo.
27 Jedeyon fè yon estati ak lò a, li mete l' nan lavil Ofra,
kote l' moun lan. Tout moun pèp Izrayèl yo vire do bay
Bondye, yo vin adore estati a lavil Ofra. Sa te tounen yon
pèlen pou Jedeyon ak tout fanmi li yo. 28 Se konsa moun
Madyan yo te vin soumèt devan moun pèp Izrayèl la. Depi
jou sa a yo pa janm leve tèt yo ankò. Pandan karantan te
gen lapè nan peyi a jouk jou Jedeyon mouri. 29 Jedeyon,
pitit Joas la, ki rele Jewoubaal tou, tounen al rete lakay li.
30 Li te gen swasanndis pitit gason, paske li te gen anpil
manman pitit. 31 Li te gen yon fanm kay ki te rete Sichèm.
Ti fanm sa a te fè yon pitit gason pou li, li rele l' Abimelèk.
32 Lè Jedeyon, pitit Joas la, mouri, li te gen yon bèl laj sou
tèt li. Yo antere l' nan kavo Joas, papa l', te genyen lavil
Ofra, lavil ki te pou fanmi Abyezè yo. 33 Apre Jedeyon
mouri, pèp Izrayèl la vire do bay Bondye ankò, yo pran fè
sèvis pou Baal yo. Yo fè Baal-Berit sèvi yo bondye. 34 Se
konsa, yo pa dòmi reve Seyè a, Bondye yo a, li menm ki
te delivre yo anba men lènmi ki te sènen yo toupatou. 35
Yo moutre yo engra, yo bliye fanmi Jedeyon an ansanm
ak tout byen li te fè pou pèp Izrayèl la.

9 Abimelèk, pitit gason Jewoubaal ki te rele Jedeyon tou,
ale lavil Sichèm kote frè menm manman avè l' yo te
rete. Li pale ak yo ansanm ak tout fanmi papa manman l'
yo, li di yo: 2 -Tanpri, ale pale ak tout grannèg ki mèt lavil
Sichèm yo. Mande yo si yo ta pito gen tout swasanndis
pitit gason Jewoubaal yo pase yon sèl ladan yo pou chèf?
Pa bliye, se bon fanmi san nou mwen ye! 3 Se konsa tout
fanmi manman Abimelèk yo mache pale ak tout grannèg
ki mèt lavil Sichèm yo, yo mande yo menm bagay la.
Tout moun te panche pou Abimelèk, paske yo t'ap di se
ti fanmi yo li ye. 4 Yo ba li swasanndis pyès ajan yo te
pran nan tanp Baal-Berit la. Avèk lajan sa a, li lwe sèvis
kèk vòryen ak kèk vakabon pou mache avè l'. 5 L' ale
lakay papa l' nan lavil Ofra, li touye tout swasanndis frè l'
yo, pitit Jewoubaal yo, anwo menm wòch la. Men, dènye
pitit gason Jewoubaal la, Jotam, te kache. Se konsa li
pa t' mouri. 6 Lè sa a, tout chèf ki nan lavil Sichèm yo
ansanm ak tout moun Bèt Milo yo mete tèt yo ansanm,
y' al toupre pye bwadchenn repozwa ki kanpe nan lavil
Sichèm lan, yo fè Abimelèk wa. 7 Lè Jotam vin konn sa, l'
al kanpe sou tèt mòn Garizim lan, li pran pale byen fò pou
tout moun tande, li di konsa: -Nou menm grannèg ki mèt
lavil Sichèm yo, koute sa m'ap di nou. Apre sa, se pou
Bondye koute sa nou menm nou pral di. 8 Vwala yon jou,
tout pyebwa yo pran desizyon chwazi yon wa pou mete
alatèt yo. Yo di pye benzoliv la: Vin gouvènen nou non!
9 Pye benzoliv la di yo: Nou ta vle mwen sispann bay
lwil ki sèvi pou fè lwanj bondye yo ak lwanj lèzòm pou
m' al chèf sou tout pyebwa! 10 Y' al jwenn pye figfrans
lan, yo di l': Ou menm, pye figfrans, vin gouvènen nou
non! 11 Pye figfrans lan di yo: Nou ta vle mwen sispann
bay bon ti fwi dous pou m' ale chèf sou tout pyebwa! 12
Lè sa a, yo di pye rezen an: Ou menm pye rezen, vin
gouvènen nou non! 13 Pye rezen an di yo: Nou ta vle
mwen sispann bay diven ki fè kè bondye yo ak kè lèzòm
kontan pou m' al chèf sou tout pyebwa! 14 Lè sa a, yo di
pye pikan an: Ou menm pye pikan, vin gouvènen nou
non! 15 Pye pikan an di yo: Si nou soti tout bon vre pou
nou fè m' wa alatèt nou, enben, vini non. Vin mete kò
nou nan lonbraj mwen. Si nou pa fè sa, gen yon sèl dife
k'ap soti nan touf pikan an, l'ap boule nou tout, ata pye
sèd peyi Liban yo! 16 Koulye a, m'ap mande nou: Eske
se tout bon vre epi ak tout kè nou nou mete Abimelèk
wa pou gouvènen nou? Dapre nou, se yon bèl bagay
nou fè la a pou Jewoubaal ak fanmi l' yo? Eske se sa
Jewoubaal merite apre sa li te fè pou nou? 17 Chonje
jan papa m' te goumen pou nou, jan li te riske lavi l' pou
nou, pou l' te ka delivre nou anba men moun Madyan yo.
18 Epi pou jòdi a nou leve dèyè fanmi papa m' yo. Nou
touye swasanndis pitit gason l' yo sou menm wòch la,
epi nou pran Abimelèk, yon pitit gason li fè ak yonn nan
sèvant li yo, nou mete l' wa alatèt grannèg lavil Sichèm
yo. Poukisa? Paske se fanmi nou li ye? 19 Si se tout bon
vre epi ak tout kè nou nou fè Jewoubaal ak fanmi l' yo sa
nou fè la a, enben, n'ap kontan avèk Abimelèk nou an. Li
menm tou l'a kontan ak nou! 20 Men, si se pa sa, se pou
yon dife soti nan Abimelèk pou li boule dènye grannèg
lavil Sichèm yo ak tout moun ki nan Bèt Milo. Se pou dife
soti nan grannèg lavil Sichèm yo ak tout moun ki nan Kay-
Ranble a pou l' devore Abimelèk! 21 Apre sa, Jotam kouri
met deyò. L' al kache lavil Beyè, paske li te pè Abimelèk,
frè l' la. 22 Abimelèk gouvènen pèp Izrayèl la pandan
twazan. 23 Apre sa, Bondye mete yon sèl bouyay ant
Abimelèk ak grannèg Sichèm yo, li fè grannèg Sichèm
yo leve dèyè Abimelèk. 24 Sa te rive konsa pou yo tout
te ka peye sa yo te fè a: Abimèlèk pou masakre li te
masakre swasanndis pitit gason Jewoubaal yo, grannèg
lavil Sichèm yo pou ankouraje yo te ankouraje Abimelèk
lè li t'ap touye frè l' yo. 25 Grannèg lavil Sichèm yo mete
anbiskad sou tèt mòn yo ap veye Abimelèk. Moun ki nan
anbiskad yo menm te rete ap vòlò tout moun ki t'ap pase

sou chemen an bò kote yo. Abimelèk vin konn sa. **26** Gaal, pitit gason Ebèd la, vin rive lavil Sichèm ansanm ak frè l' yo. Grannèg lavil Sichèm yo fè msye konfyans. **27** Y' al nan jaden yo, yo keyi rezen nan jaden rezen yo, yo fè diven, yo fè fèt. Y' al nan tanp bondye yo a, yo manje, yo bwè, epi yo bay Abimelèk kont madichon li. **28** Gaal, pitit gason Ebèd la, di yo: -Kisa Abimelèk ye menm pou n'ap sèvi l' konsa? Ki kalite moun ki gen nan lavil Sichèm la menm pou y'ap sèvi Abimelèk? Ki moun li ye? An! Pitit gason Jewoubaal la! Epi se nan men l' Zeboul ap resevwa lòd? Poukisa pou n' sèvi l'? Non! Se pou moun Sichèm yo respekte Amò, zansèt yo, se moun fanmi li pou yo sèvi. **29** Pa mande Bondye se mwen ki te chèf pèp sa a! Mwen ta mete Abimelèk nan wòl li! Mwen ta di l': Si ou gen yon gwo lame vre, soti non! Soti vin goumen! **30** Zeboul te chèf lavil Sichèm. Lè li tande tout pawòl Gaal, pitit gason Ebèd la, te di yo, li fache anpil. **31** Li voye mesaje an kachèt bò Abimelèk pou di l' konsa: -Gaal, pitit gason Ebèd la, rive lavil Sichèm ansanm ak frè l' yo. Y'ap moute tèt moun lavil la sou do ou pou yo pa kite ou antre. **32** Men sa ou pral fè. Leve nan mitan lannwit ansanm ak tout moun ki avè ou yo, al kache nan tout bwa a. **33** Nan maten, lè solèy fenk leve, w'a parèt, w'a tonbe sou lavil la pou atake l'. Lè Gaal ak moun li yo va soti vin kontre ak ou, w'a kraze l' ak tout fòs ou. **34** Se konsa, Abimelèk ak tout moun li yo leve lannwit, yo separe fè kat gwoup, y' al kache andeyò limit lavil la. **35** Gaal, pitit gason Ebèd la, soti, l' al kanpe bò pòtay lavil la. Lè sa a, Abimelèk ak moun pa l' yo soti nan kachèt yo. **36** Lè Gaal wè moun yo, li di Zeboul konsa: -Gade. Men yon bann moun k'ap desann sot sou tèt mòn yo! Men, Zeboul di li: -Se pa anyen, monchè! Se lonbraj sou mòn yo ou pran pou moun! **37** Gaal di l' ankò: -Gade! Men yon bann moun k'ap desann Mòn Lonbrit latè a. Men yon lòt ankò k'ap vini sou chemen Pye Chenn moun k'ap li zetwal yo. **38** Lè sa a, Zeboul di l' konsa: -Kote bèl pawòl ki te nan bouch ou yo? Se pa ou ki t'ap mande ki moun Abimelèk ye konsa pou n'ap sèvi l'? Apa moun ou t'ap pase nan betiz yo? Soti non! Koulye a al goumen ak yo! **39** Gaal pran devan, li mennen grannèg lavil Sichèm yo pou y' al goumen ak Abimelèk. **40** Men, lè Abimelèk mache sou li, Gaal pran kouri met deyò. Sòlda Abimelèk yo te blese anpil moun rive jouk devan pòtay lavil la. **41** Apre sa, Abimelèk tounen lavil Awouma. Zeboul menm mete Gaal deyò ak tout frè l' yo, kifè yo pa t' kapab rete lavil Sichèm ankò. **42** Nan denmen, moun lavil Sichèm yo fè lide soti al nan jaden. Yo vin di Abimelèk sa. **43** Li pran moun li yo, li separe yo fè twa gwoup epi l' al kache nan jaden yo. Lè li wè moun yo ap soti nan lavil la, li vare sou yo, li pran goumen ak yo, li touye yo. **44** Abimelèk ak gwoup li a kouri devan, y' al rete devan pòtay lavil la, pandan de lòt gwoup yo menm t'ap atake moun ki nan jaden yo, yo t'ap touye yo. **45** Abimelèk goumen ak moun lavil la tout jounen an. Li pran lavil la pou li, li touye tout moun ki te ladan l'. Apre sa, li kraze lavil la ratè, epi li simen sèl sou tout anplasman lavil la. **46** Lè tout grannèg ki rete nan gwo fò won Sichèm lan vin konn sa, yo antre al kache nan fò tanp Baal-Berit la. **47** Y' al di Abimelèk tout grannèg yo te sanble la. **48** Lè sa a, Abimelèk moute sou mòn Zalmon avèk moun ki te avè l' yo. Li pran yon rach li koupe yon branch bwa, li pran l', li mete l' sou zepòl li. Epi li di tout moun ki te avè l' yo: -Nou wè sa m' fè a, kouri vit! Al fè menm bagay la tou. **49** Chak moun koupe yon branch bwa vre, epi yo pran mache dèyè Abimelèk. Yo anpile branch bwa yo nan pye fò a. Epi yo mete dife nan fò a ak tout moun yo ladan l'. Se konsa tout moun ki rete nan fò Sichèm lan mouri. Te gen mil (1.000) moun konsa, fanm ak gason, ki mouri. **50** Apre sa, Abimelèk ale lavil Tebèz, li sènen l' epi li pran l'. **51** Te gen yon gwo fò won nan mitan lavil la. Tout moun, fanm kou gason, ansanm ak chèf yo, kouri al kache ladan l'. Yo fèmen tout pòt yo dèyè yo epi yo moute sou tèt fò a. **52** Abimelèk rive jouk bò fò a. Li pwoche bò pòt la pou l' te mete dife nan fò a. **53** Men yon fanm lage yon wòl moulen sou tèt Abimelèk, li kraze zo bwa tèt li. **54** Abimelèk rele jenn gason ki t'ap pote zam li yo, li di l' konsa: -Rale nepe ou, touye m'. Mwen pa vle yo di se yon fanm ki touye m'. Se konsa jenn gason an pèse l' pak an pak, epi li mouri. **55** Lè moun pèp Izrayèl yo wè Abimelèk mouri, yo tout al lakay yo. **56** Se konsa Bondye te fè Abimelèk peye pou krim li te fè kont fanmi papa l' la, lè li te touye swasanndis frè l' yo. **57** Bondye te fè moun lavil Sichèm yo soufri pou mechanste yo te fè lòt moun soufri. Se konsa, madichon Jotam, pitit gason Jewoubaal la, te wè pou yo a rive yo vre.

10 Apre Abimelèk, se Tola, pitit gason Pwa, pitit pitit gason Dodo, ki parèt pou delivre pèp Izrayèl la. Tola se moun branch fanmi Isaka. Li te rete lavil Chami nan mòn Efrayim yo. **2** Li te chèf nan peyi Izrayèl la pandan venntwazan. Apre sa, li mouri. Yo antere l' lavil Chami. **3** Apre li, se Jayi, moun peyi Galarad, ki te parèt. Li gouvènen peyi Izrayèl la pandan venndezan. **4** Li te gen trant pitit gason ki te moute trant bourik. Yo te gen trant lavil ki te rele yo pa yo nan peyi Galarad. Jouk koulye a yo rele lavil yo lavil Jayi. **5** Jayi mouri, yo antere l' lavil Kamon. **6** Apre sa, moun pèp Izrayèl yo rekonmanse ankò ap fè sa ki mal nan je Bondye. Yo pran fè sèvis pou Baal yo, pou Astate yo, pou bondye moun peyi Siri yo, pou bondye moun peyi Sidon yo, pou bondye moun peyi Moab yo, pou bondye moun peyi Amon yo ak bondye moun peyi Filisti yo. Yo vire do bay Seyè a, yo sispann sèvi l'. **7** Se konsa Seyè a fache sou pèp Izrayèl la. Li kite moun Filisti yo ak moun Amon yo mete pye sou kou yo. **8** Pandan tout lanne a, moun sa yo maltrete pèp Izrayèl la, yo malmennen yo. Pandan dizwitan, yo t'ap peze tout moun nan pèp Izrayèl la ki t'ap viv lòt bò larivyè Jouden an, sou bò solèy leve, nan peyi Galarad kote yo te rete a. **9** Moun Amon yo te menm rive janbe lòt bò larivyè Jouden an pou y' al goumen ak moun branch Jida yo, moun branch fanmi Benjamen yo ak moun branch fanmi Efrayim yo. Pèp Izrayèl la te nan gwo lapenn. **10** Lè sa a,

yo rele nan pye Seyè a, yo di l' konsa: -Nou te peche kont
ou, nou te vire do ba ou, ou menm Bondye nou an, n' al
fè sèvis pou Baal yo. 11 Seyè a reponn pèp Izrayèl la: -
Moun Lejip yo, moun Amori yo, moun Amon yo, moun
Filisti yo, 12 moun Sidon yo, moun Amalèk yo ak moun
Mawon yo t'ap peze nou nan tan lontan, nou te kriye nan
pye m'. Eske mwen pa t' delivre nou anba men yo lè sa a?
13 Men chak fwa, nou vire do ban mwen pou n' al fè sèvis
pou lòt bondye. Se poutèt sa mwen pa pral delivre nou
fwa sa a ankò. 14 Ale kriye nan pye bondye nou te chwazi
yo! Se yo ki pou sove nou lè nou nan ka! 15 Men, moun
pèp Izrayèl yo di Seyè a: -Nou fè sa nou pa t' dwe fè: Ou
mèt fè nou sa ou vle. Men, tanpri delivre nou jòdi a! 16
Apre sa, yo wete tout bondye lòt nasyon yo te gen lakay
yo, yo pran sèvi Seyè a. Seyè a pa t' gen kè pou l' wè jan
pèp Izrayèl la te nan lapenn. 17 Lè sa a, lame pèp Amon
an sanble, y' al moute kan yo nan peyi Galarad. Lame
pèp Izrayèl la menm te sanble tou, yo moute kan yo lavil
Mispa. 18 Pèp peyi Galarad la ak chèf yo t'ap pale, yonn
t'ap di lòt: -Moun ki pral mennen batay la kont moun Amon
yo, se li menm ki pral chèf tout moun nan peyi Galarad!

11 Jefte, moun peyi Galarad, te yon vanyan sòlda.
Papa l' te rele Galarad. Manman l' te yon jennès. 2
Madan Galarad te fè lòt pitit gason pou mari l'. Men, lè
pitit li yo fin gran, yo mete Jefte deyò nan kay la, yo di
l' konsa: -Ou pa gen dwa jwenn anyen nan byen papa
nou, paske ou se pitit yon jennès. 3 Jefte kouri met deyò
pou frè l' yo, l' al rete nan peyi Tòb. Yon bann vòryen
vin mete tèt ansanm avèk Jefte. Yo te konn soti avè l'
al devalize moun. 4 Kèk tan apre sa, moun Amon yo
leve vin fè lagè ak pèp Izrayèl la. 5 Lè moun Amon yo
vin atake pèp Izrayèl la, chèf fanmi peyi Galarad la al
chache Jefte nan peyi Tòb pou mennen l' tounen. 6 Yo di
l' konsa: -Vini non! Pran kòmandman lame nou an pou
n' ka goumen ak moun Amon yo. 7 Men, Jefte di chèf
fanmi peyi Galarad yo: -Mwen te kwè nou pa vle wè m'?
Nou fòse m' kite lakay papa m'! Koulye a nou nan traka,
poukisa se mwen menm nou vin jwenn? 8 Chèf fanmi
peyi Galarad yo di Jefte konsa: -Nou vin jwenn ou koulye
a, paske nou bezwen pou ou mache ansanm avèk nou,
pou ou goumen ak moun Amon yo, pou ou ka chèf tout
moun ki rete nan peyi Galarad la. 9 Lè sa a, Jefte di chèf
fanmi peyi Galarad yo: -Tansèlman, si nou fè m' tounen
lakay pou m' goumen ak moun Amon yo, si Seyè a fè m'
kraze yo, se mwen menm k'ap chèf nou tout bon wi! 10
Chèf fanmi peyi Galarad yo di Jefte konsa: -Nou pran
Seyè a sèvi nou temwen! N'ap fè tou sa ou sot di la a. 11
Se konsa, Jefte ale avèk chèf fanmi peyi Galarad la, epi
yo mete l' chèf pou l' gouvènen yo, pou l' kòmande lame
yo. Apre sa, Jefte al repete tout kondisyon sa yo devan
Seyè a, lavil Mispa. 12 Lèfini, Jefte voye mesaje bay wa
moun Amon yo pou di l': -Kisa ou gen avèk nou? Poukisa
ou vini goumen ak nou jouk nan peyi nou? 13 Wa moun
Amon yo reponn mesaje Jefte yo: -Se paske pèp Izrayèl
la, lè yo soti kite peyi Lejip, yo pran peyi a nan men nou,
depi larivyè Anon jouk larivyè Jabòk ak larivyè Jouden.
Koulye a se pou yo renmèt nou tè nou san bri san kont.
14 Jefte voye mesaje yo tounen al jwenn wa moun Amon
yo, 15 avèk repons sa a: -Pèp Izrayèl la pa janm pran
ankenn pòsyon nan tè moun Moab yo, ni nan tè moun
Amon yo. 16 Paske lè pèp Izrayèl la t'ap kite Lejip, yo
te mache nan tout dezè a jouk lanmè Wouj yo, epi yo
rive Kadès. 17 Lè sa a, pèp Izrayèl la voye mesaje bò
kote wa peyi Edon an pou di l' konsa: Tanpri, kite nou fè
yon ti pase nan peyi a. Men, wa peyi Edon an pa t' vle
kite yo pase. Yo te voye tou bò kote wa Moab la. Men, li
menm tou, li pa t' vle kite yo pase. Se konsa pèp Izrayèl la
rete Kadès. 18 Apre sa, yo pran mache nan dezè a, yo
fè yon detou pou yo pa pase nan peyi Edon an ak nan
peyi Moab la. Yo rive sou bò solèy leve peyi Moab la, lòt
bò larivyè Anon an. Se la yo moute kan yo pou yo rete.
Men, yo pa janm janbe lòt bò larivyè Anon paske se li ki
te sèvi fwontyè pou peyi Moab la. 19 Lè sa a pèp Izrayèl
la voye mesaje bay Siyon, wa peyi Amori a, ki te rete
Esbon. Yo voye mande l' pèmisyon pou yo fè yon ti pase
nan peyi l' la pou yo ka rive nan peyi kote yo prale a. 20
Men, Siyon pa t' fè pèp Izrayèl la konfyans, li pa t' kite
yo pase. Li sanble tout sòlda li yo, yo vin moute kan yo
bò Ajaza, epi yo atake pèp Izrayèl la. 21 Men, Seyè a,
Bondye pèp Izrayèl la, lage Siyon ansanm ak tout moun li
yo nan men pèp Izrayèl la ki bat yo byen bat. Se konsa,
pèp Izrayèl la pran peyi a nan men moun Amori yo ki te
rete nan zòn lan. 22 Yo pran tout peyi moun Amori yo pou
yo, soti larivyè Anon bò nan sid jouk larivyè Jabòk bò
nan nò, depi dezè a bò solèy leve jouk larivyè Jouden bò
solèy kouche. 23 Konsa, se Seyè a, Bondye pèp Izrayèl
la, ki te mete moun Amori yo deyò pou fè plas pou pèp
Izrayèl la, pèp li a. 24 Koulye a, ou ta vle reprann tè a nan
men Seyè a? Eske ou pa kenbe pou ou tou sa Kemòch,
bondye ou la, ba ou? Epi ou ta vle pou nou pa kenbe sa
Seyè a, Bondye nou an, ban nou? 25 Eske ou pi bon
pase Balak, pitit gason Zipò a, wa peyi Moab la? Li pa
janm leve dwèt li sou pèp Izrayèl la, li pa janm leve vin
goumen ak nou. 26 Pèp Izrayèl la gen twasanzan depi li
rete lavil Esbon ak lavil Awoyè ansanm ak tout ti bouk ki
sou kont yo, ak tout lavil ki sou de bò larivyè Anon an.
Poukisa, depi tout tan sa a, nou pa t' reprann yo? 27 Non.
Mwen pa fè nou anyen, se nou menm ki fè m' lè nou vin
fè m' lagè. Se Seyè a sèl moun ki pou jije. L'a deside ant
pèp Izrayèl la ak pèp Amori a kilès ki gen rezon! 28 Men,
wa moun Amori yo pa t' koute mesaj Jefte te voye ba li a.
29 Lespri Seyè a te sou Jefte. Jefte travèse peyi Galarad
ak peyi Manase, li tounen lavil Mispa nan peyi Galarad.
Apre sa, li kite lavil Mispa, li pase nan peyi Amon an. 30
Jefte te fè Seyè a yon ve. Li te di: -Si ou lage moun Amon
yo nan men m', 31 m'ap ofri ou premye moun ki va soti
lakay mwen vin kontre m' lè m'a tounen soti kraze moun
Amon yo. M'ap boule l' nèt nan dife pou ou. 32 Se konsa,
Jefte janbe lòt bò fwontyè a, li antre nan peyi moun Amon
yo, l' al goumen ak yo. Epi Seyè a lage yo nan men l'. 33

Li bat yo depi lavil Awoyè rive nan tout zòn Minit la jouk
Abèl Kiramen. Sa te fè vin lavil antou. Yo te touye anpil
moun. Se konsa, moun Amon yo vin soumèt devan pèp
Izrayèl la. 34 Lè Jefte tounen lakay li lavil Mispa, vwala se
pitit fi li a ki te soti vin kontre l'. Li t'ap danse, li t'ap jwe
tanbouren. Se te sèl pitit li te genyen. Li pa t' gen lòt pitit
ankò, ni fi ni gason. 35 Lè Jefte wè li, li chire rad sou li
sitèlman sa te fè l' lapenn, li di: -O pitit fi mwen! Ou touye
papa ou. Poukisa se ou menm ki pou fè m' tout lapenn sa
a! Mwen te fè yon gwo ve bay Seyè a. Koulye a m' pa
ka pa kenbe l'. 36 Pitit fi a di l': -Papa, si ou te fè yon
ve bay Seyè a, se pou ou fè m' sa ou te di w'ap fè m'
lan, paske Seyè a te ba ou pouvwa pou ou tire revanj
sou lènmi ou yo. 37 Apre sa li di papa l' konsa: -Yon sèl
bagay m'ap mande ou! Ban m' yon ti delè de mwa pou
m' al pwonmennen ansanm ak zanmi m' yo nan mòn yo
pou m' al kriye, paske mwen pral mouri san m' pa marye.
38 Jefte kite l' ale pou de mwa. Se konsa, pitit fi Jefte a
ansanm ak zanmi l' yo ale nan mòn, y' al kriye paske li
tapral mouri tifi. 39 Sou de mwa, li tounen vin jwenn papa
l' ki fè sa l' te pwomèt fè pou Seyè a. Se konsa, li mouri
tifi. Se depi lè sa a sa rete yon koutim nan peyi Izrayèl la,
40 pou chak lanne medam pèp Izrayèl yo soti al pase kat
jou ap kriye pou pitit fi Jefte, moun peyi Galarad la.

12 Lè sa a, moun branch fanmi Efrayim yo reyini
ansanm, yo janbe lòt bò larivyè Jouden, y' al lavil
Zafon. Yo di Jefte konsa: -Poukisa ou travèse al goumen
ak moun Amon yo san ou pa rele nou ale avè ou? Se
poutèt sa, nou pral boule kay ou a sou ou. 2 Men Jefte di
yo: -Moun pa m' yo ansanm avè m', nou te gen yon gwo
kont ak moun Amon yo. Mwen te rele nou, men nou pa
t' vle vin delivre m' anba men yo. 3 Lè m' wè nou pa t'
soti pou nou vin pote m' sekou, m' al riske vi m'. Mwen
travèse al goumen ak moun Amon yo, epi Seyè a lage yo
nan men m'. Poukisa pou koulye a nou moute jouk lakay
mwen vin chache m' kont? 4 Lè sa a menm, Jefte sanble
tout gason ki nan peyi Galarad la, y' al goumen ak moun
Efrayim yo. Yo bat yo byen bat. Moun Efrayim yo te konn
joure moun Galarad yo. Yo te konn di: Moun Galarad yo,
se yon bann trèt yo ye. Yo kite peyi yo, Efrayim, y' al rete
nan peyi Manase a! 5 Apre sa, moun Galarad yo pran
kontwole tout pas larivyè Jouden kote pou janbe ale nan
peyi Efrayim. Chak fwa yonn nan moun Efrayim yo rive
pou yo kouri janbe al nan peyi yo, li te blije mande yo
pèmisyon. Lè konsa, moun Galarad yo mande l' èske se
moun Efrayim li ye. Si li reponn non, 6 lè sa a yo mande
l' pou l' di: Chibolèt. Men li di: Sibolèt paske li pa t' ka
rive di l' jan yo di l' la. Lamenm yo mete men sou li, yo
touye l' la nan pas la. Lè sa a, yo te touye karanndemil
(42.000) moun nan branch fanmi Efrayim lan. 7 Jefte,
moun Galarad la, te gouvènen pèp Izrayèl la pandan
sizan. Apre sa, li mouri, epi yo antere l' nan lavil kote li te
fèt la nan peyi Galarad. 8 Apre Jefte, se Ibzan, moun lavil
Betleyèm, ki te gouvènen pèp Izrayèl la. 9 Li te gen trant
pitit gason ak trant pitit fi. Li marye trant pitit fi l' yo ak
moun ki pa t' nan branch fanmi l' epi li fè chache jenn fi
nan lòt branch fanmi pou pitit gason l' yo. Li gouvènen
pèp Izrayèl la pandan sètan. 10 Apre sa, Ibzan mouri, yo
antere l' lavil Betleyèm. 11 Apre li, se Elon, moun Zabilon
an, ki te gouvènen pèp Izrayèl la pandan dizan. 12 Lè
Elon, moun Zabilon an, mouri, yo antere l' lavil Ajalon
nan peyi Zabilon. 13 Apre li, se Abdon, pitit gason Ilèl,
moun lavil Piraton, ki t'ap gouvènen pèp Izrayèl la. 14 Li
te gen karant pitit gason ak trant pitit pitit gason ki te konn
moute sou swasanndis ti bourik. Li gouvènen pèp Izrayèl
la pandan witan. 15 Lè Abdon, pitit gason Ilèl la, mouri, yo
antere l' lavil Piraton nan peyi Efrayim, nan mòn moun
Amalèk yo.

13 Moun pèp Izrayèl yo te rekonmanse ankò ap fè
sa ki mal nan je Seyè a. Seyè a lage yo nan men
moun Filisti yo pandan karantan. 2 Te gen yon nonm yo
te rele Manoak. Se te moun lavil Zora, li te fè pati branch
fanmi Dann lan. Madanm li pa t' janm ka fè pitit. 3 Zanj
Seyè a parèt devan madanm lan, li di l' konsa: -Ou pa t'
janm ka fè pitit, pa vre? Men ou pral vin ansent, ou pral fè
yon pitit gason. 4 Piga ou janm bwè diven, ni ankenn lòt
bweson ki pou fè ou sou. Nitou, piga ou manje anyen
ki pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye manje. 5 Paske
ou pral ansent, ou pral fè yon pitit gason. Piga ou janm
koupe cheve nan tèt li, paske depi nan vant manman l', se
yon gason k'ap viv apa pou Bondye tankou nazirit yo l'ap
ye. Se li menm ki pral konmanse travay pou delivre pèp
Izrayèl la anba men moun Filisti yo. 6 Apre sa, madanm
lan antre al di mari l': -Yon moun Bondye te vin bò kote
m'. Lè mwen gade l', pou jan li te fè m' pè a ou ta di yon
mesaje Bondye. Mwen pa mande l' kote l' soti, ni li pa ban
m' non li. 7 Li di m' konsa: Ou pral ansent, ou pral fè yon
pitit gason. Piga ou janm bwè diven, ni ankenn lòt bweson
ki pou fè ou sou. Ni piga ou manje anyen ki pa bon pou
moun k'ap sèvi Bondye manje. Paske pitit gason ou lan
pral viv apa pou Bondye tankou nazirit yo depi nan vant
manman l' jouk jou li mouri. 8 Lè sa a, Manoak lapriyè
Seyè a, li di: -Tanpri, Mèt mwen, fè moun Bondye ou te
voye a vin bò kote nou ankò pou l' ka di nou sa pou nou
fè pou ti gason ki pral fèt la. 9 Bondye fè sa Manoak te
mande l' la vre. Epi mesaje Bondye a vin bò kote madanm
lan ki te chita nan yon jaden. Manoak, mari a, pa t' avè l'.
10 Madanm lan prese kouri al bay mari l' nouvèl la. Li di
li konsa: -Men moun ki te vin bò kote m' lòt jou a parèt
devan m' ankò. 11 Manoak leve, li swiv madanm li. L' al
jwenn nonm lan, epi li di l': -Se ou menm ki te pale ak
madanm sa a? Li reponn: -Wi, se mwen. 12 -Manoak di l':
-Bon. Lè tou sa ou di yo va rive, kijan pou m' elve ti pitit
la? Kisa pou l' fè ak sa pou l' pa fè? 13 Mesaje Seyè a di
Manoak konsa: -Se pou madanm ou fè tou sa mwen di l'
fè a. 14 Piga li janm manje anyen ki fèt avèk rezen. Piga li
janm bwè diven ni ankenn lòt bweson ki pou fè l' sou.
Piga li janm manje anyen ki pa bon pou moun k'ap sèvi
Bondye manje. Se pou li fè tou sa mwen mande l' fè a. 15

Manoak di mesaje Seyè a: -Tanpri, poko ale. Kite nou kwit
yon jenn ti kabrit pou ou. 16 Mesaje Seyè a di Manoak
konsa: -Menm si mwen rete mwen p'ap manje manje w'ap
ban mwen an. Men si ou vle, touye yon ti kabrit, boule l'
nan dife tankou yon ofrann pou Seyè a. Manoak pa t'
ankò konnen si se te yon mesaje Seyè a ki te devan l'.
17 Manoak di mesaje Seyè a: -Di nou ki jan ou rele pou
nou ka fè lwanj pou ou lè pawòl ou di yo va rive vre. 18
Mesaje Seyè a di l': -Poukisa nou vle konnen non m'?
Non m' se yon mèvèy. 19 Manoak pran jenn ti kabrit la ak
kèk grenn jaden, li mete yo sou lotèl wòch la, li ofri yo pou
Seyè a ki fè yon mèvèy devan Manoak ak madanm li
ki te rete la ap gade. 20 Pandan flanm dife yo t'ap soti
sou lotèl la moute nan syèl la, Manoak ak madanm li wè
mesaje Seyè a moute nan syèl la nan flanm dife a. Lè yo
wè sa, yo lage kò yo fas atè. 21 Manoak ak madanm li pa
janm wè mesaje Bondye a ankò. Se lè sa a, Manoak vin
konprann se te yon mesaje Seyè a ki te parèt devan yo a.
22 Lè sa a, Manoak di madanm li: -Nou pral mouri, paske
nou wè Bondye! 23 Madanm lan di l': -Si Seyè a te vle
touye nou, li pa ta asepte ofrann nou fè pou li yo. Li pa ta
fè nou wè tout bagay sa yo, ni li pa ta fè nou tande tout
pawòl sa yo. 24 Apre sa, madanm lan fè yon pitit gason, li
rele l' Samson. Pitit la grandi, Seyè a te beni l'. 25 Epi
lespri Seyè a konmanse travay nan li antan li te nan kan
moun Dann yo, ant Soreja ak Echtawòl.

14 Yon jou Samson desann ale lavil Timna, li wè yon
jenn fi nan moun Filisti yo li renmen. 2 Li tounen vin
di papa l' ak manman l': -Mwen wè lavil Timna yon jenn fi
mwen renmen nan moun Filisti yo. Al mande pou li pou
mwen. 3 Manman l' ak papa l' di l' konsa: -Poukisa pou ou
ale jouk kay moun Filisti yo, moun ki p'ap sèvi Bondye nou
an, pou al chache yon madanm? Ou pa jwenn yon jenn fi
nan fanmi ou, osinon nan pèp nou an pou ou marye?
Men, Samson reponn papa l': -Tanpri, al fè lademann lan
pou mwen, paske se li menm mwen renmen. 4 Papa l' ak
manman l' pa t' konnen se Seyè a ki t'ap pouse Samson
fè sa pou l' te ka jwenn yon okazyon gen kont ak moun
Filisti yo. Lè sa a, se moun Filisti ki te chèf sou moun
pèp Izrayèl yo. 5 Se konsa Samson desann lavil Timna
ansanm ak papa l' ak manman l'. Lè yo rive nan jaden
rezen ki toupre lavil Timna a, li wè yon jenn lyon ki t'ap
gwonde ki t'ap vanse sou li. 6 Lamenm, lespri Seyè a vin
sou li. Li vin gen yon sèl fòs, li dechèpiye lyon an pak an
pak ak men li tankou si se te yon jenn ti kabrit. Men, li pa
rakonte papa l' ak manman l' sa l' te fè a. 7 Lèfini, l' ale, li
pale ak ti fi a, li renmen l'. 8 Kèk tan apre sa, li tounen vin
marye avè l'. Sou wout li, li fè yon ti detou pou l' al wè
kadav lyon li te touye a. Li tou sezi jwenn yon desen myèl
avèk siwo myèl anndan kadav la. 9 Li pran ti moso gato
myèl nan men l', li manje ladan l' antan l'ap fè rès vwayaj
la. L' al jwenn manman l' ak papa l', li ba yo rès gato myèl
la, epi yo manje. Men, li pa t' di yo se nan kadav lyon an li
te pran l'. 10 Apre sa, papa l' desann ale kay ti fi a. Lè sa
a, Samson fè yon bèl resepsyon lakay la. Se konsa jenn
gason yo toujou fè lè y'ap marye. 11 Lè moun Filisti yo
wè l', yo pran trant jenn gason yo voye pou rete avè l'.
12 Samson di yo: -Mwen pral ban nou yon kont. Si nou
jwenn li anvan sèt jou fèt nòs la fin pase, m'ap ban nou
trant bèl varèz ak trant rechanj fèt ak bèl twal. 13 Men, si
nou pa jwenn li anvan lè sa a, se nou ki pral ban mwen
trant varèz ak trant rechanj. Yo di l': -Dakò! Ban nou kont
la. Fè nou tande l'. 14 Li di yo: -Manje soti nan vant sa ki
konn touye pou manje. Sa ki dous soti nan sa ki gen anpil
fòs. Twa jou pase, yo pa t' ankò jwenn kont la. 15 Sou
katriyèm jou a, yo rele madan Samson, yo di l' konsa: -
Pran tèt mari ou, fè l' ban nou kont la. Si ou pa fè sa, n'ap
mete dife lakay papa ou, n'ap boule l' ansanm avè ou
ladan l'! Gen lè se pou eskanmòte tou sa nou genyen
ou te envite nou isit la? 16 Se konsa madan Samson al
jwenn mari l', li pran kriye sou zepòl li, li di l' konsa: -Ou
pa renmen m'! Se rayi ou rayi m'! Ou bay zanmi m' yo yon
kont, ou pa janm di m' sa l' vle di! Samson reponn li: -
Gade, machè! Mwen pa menm di papa m' ak manman m'
sa kont la ye. Atò se ou menm mwen ta di l'? 17 Pandan
tout sèt jou fèt nòs la, li pa t' sispann kriye nan zòrèy
Samson. Sou setyèm jou a, Samson ba li sekrè kont la
paske fanm lan t'ap anbete l' twòp. Lèfini fanm lan soti al
di ras li yo sa kont lan vle di. 18 Se konsa, sou setyèm
jou a, anvan Samson antre nan chanm li pou l' al dòmi,
mesye lavil yo di l' konsa: -Kisa ki pi dous pase siwo
myèl? Kisa ki gen plis fòs pase lyon? Samson di yo: -
Si nou pa t' travay tèt madanm mwen, nou pa ta janm
jwenn kont mwen an! 19 Lè sa a, lespri Seyè a desann
sou Samson pou ba l' fòs. Li pati, l' ale lavil Askalon. Li
touye trant gason nan moun lavil la, epi li pran rad ki te
sou yo, li pote yo bay mesye ki te jwenn kont lan. Apre sa,
li fè yon sèl kòlè, li tounen lakay papa l'. 20 Lè sa a, moun
yo rele yonn nan moun ki te avèk Samson yo, sa ki te pi
bon zanmi l' lan, yo ba li madan Samson pou madanm li.

15 Kèk tan apre sa, pandan rekòt ble a, Samson al
rann madanm li vizit. Li te pote yon jenn ti kabrit
pou li. Li di bòpè li: -Mwen pral antre nan chanm madanm
mwen! Men, bòpè a pa t' kite l' antre. 2 Li di Samson
konsa: -Mwen te kwè ou te rayi l'! Se konsa, mwen pran l'
bay pi bon zanmi ou lan. Men, ti sè l' la pi bèl pase l'. Ou
te mèt pran ti sè a nan plas gran sè a. 3 Samson di yo: -
Fwa sa a, si m' fè moun Filisti yo kichòy, piga pesonn vin
di m' anyen. 4 L' ale, li pran twasan (300) chen mawon. Li
mare yo nan ke de pa de, ak yon bwa chandèl nan mitan
ke yo. 5 Apre sa, li mete dife nan bwa chandèl yo, epi li
lage chen mawon yo nan jaden ble moun Filisti yo. Dife
boule dènye ble moun yo, non sèlman ble ki kase deja
yo, men tou ble ki te sou pye toujou. Dife a boule ata
jaden rezen yo ak jaden oliv yo. 6 Lè sa a, moun Filisti yo
mande: -Ki moun ki fè sa? Yo di yo: -Se Samson, bofi
nonm lavil Timna a, ki fè l', paske bòpè l' te pran madan
Samson, li bay yon bon zanmi Samson. Se konsa moun
Filisti yo ale yo boule madanm lan ansanm ak papa l' nan
kay la. 7 Samson di yo: -Anhan! Se konsa nou fè sa?

Bon. Mwen p'ap sispann toutotan mwen pa fin fè nou
peye sa nou fè m' la a. 8 Se konsa, li atake yo avèk raj, li
touye anpil ladan yo. Apre sa, l' ale rete nan yon twou
wòch bò lavil Etam. 9 Moun Filisti yo al moute kan yo nan
peyi Jida, epi yo atake lavil Leki. 10 Moun peyi Jida yo
mande yo: -Poukisa nou vin atake nou? Yo reponn: -Nou
vin isit la pou n' mare Samson, pou n' fè l' pase menm sa
li te fè nou pase a. 11 Lè sa a, twamil (3000) gason peyi
Jida desann bò twou wòch Etam lan, epi yo di Samson: -
Gen lè ou pa konnen se moun Filisti yo ki chèf nan peyi
nou an? Poukisa ou fè nou sa? Li reponn yo: -Mwen fè yo
menm sa yo te fè m' lan. 12 Yo di l': -Nou vin isit la pou
nou mare ou, pou nou ka mennen ou bay moun Filisti
yo. Samson di yo: -Fè m' sèman nou p'ap touye m', nou
menm! 13 Yo di l': -O non! N'ap annik mare ou, epi n'ap
mennen ou bay moun Filisti yo. Nou p'ap touye ou! Yo
pran de kòd tou nèf, yo mare l' byen mare epi yo tounen
avè l' soti nan twou wòch la. 14 Lè yo rive lavil Leki, moun
Filisti yo kouri vin kontre avè l', yo t'ap rele sitèlman yo te
kontan yo te pran li. Lespri Seyè a desann sou Samson.
Epi li kase kòd ki te mare de bra l' yo. Moso kòd yo tonbe
atè, ou ta di fil ki boule nan dife. 15 Li jwenn zo machwè
yon bourik ki te fenk mouri, li lonje men l', li pran l', li touye
mil (1000) moun avè l'. 16 Lèfini, li pran chante, li di: -
Avèk yon zo machwè bourik mwen touye mil moun. Avèk
yon zo machwè bourik mwen bat yo byen bat. 17 Lè li fin
di sa, li voye zo machwè bourik la jete. Li rele kote l' te ye
a: Mòn zo machwè. 18 Apre sa, Samson vin anvi bwè dlo.
Li rele Seyè a, li di: -Ou fin fè m' genyen bèl batay sa a.
Koulye a, w'ap kite m' mouri swaf dlo pou bann moun ki
p'ap sèvi ou yo mete men sou mwen! 19 Lè sa a, Bondye
louvri yon twou nan tè a bò lavil Leki a, epi dlo pete soti
ladan l'. Samson bwè dlo, li santi l' refè. Se poutèt sa
yo rele sous sa a Sous Akore. Sous sa a la bò lavil Leki
jouk jòdi a. 20 Samson gouvènen pèp Izrayèl la pandan
ventan sou rèy moun Filisti yo.

16 Yon lè Samson desann lavil Gaza, li wè yon jennès,
li antre kay jennès la. 2 Moun lavil Gaza yo vin
konnen Samson te la nan lavil la. Yo mache chache l'
toupatou, yo pase nwit la ap veye l' bò pòtay lavil la. Yo pa
fè bri menm tout nwit la. Yo t'ap di nan kè yo: -N'ap tann
solèy leve, lè sa a n'a touye l'. 3 Samson rete kouche jouk
nan mitan lannwit lan. Lè sa a, li leve, li pran de batan
pòtay lavil la, li rache yo ansanm ak tout montan yo ak
bwa travès ki te pase dèyè batan yo. Li mete yo sou zepòl
li, li pote yo ale sou tèt mòn ki anfas lavil Ebwon an. 4
Aprè sa, Samson tonbe damou pou yon fanm ki te rete
nan Ravin Sorèk. Fanm lan te rele Dalila. 5 Gwo chèf
moun Filisti yo al jwenn Dalila, yo di l' konsa: -Pran tèt
Samson! Chache konnen sa ki ba li tout fòs sa a, kijan
nou ka met men sou li. N'a mare l' anba kòd, n'a rann li
san fòs. Lèfini, nou chak n'a ba ou milsan (1.100) pyès
lajan. 6 Se konsa, Dalila al di Samson: -Tanpri, di m' sa ki
ba ou tout fòs sa a. Manyè di m' kouman yo ta ka mare
ou pou kraze kouraj ou. 7 Samson reponn li: -Si yo mare
m' avèk sèt kòd tou nèf ki poko fin cheche m'ap pèdi tout
fòs mwen, m'ap tankou nenpòt ki moun. 8 Chèf moun
Filisti yo pote sèt kòd tou nèf ki pa t' ankò fin cheche bay
Dalila. Dalila mare Samson avèk kòd yo. 9 Li te fè kèk
moun kache nan yon lòt chanm, epi li rete konsa, li di: -
Samson! Men moun Filisti yo sou ou! Samson kase kòd
yo. Moso kòd yo tonbe atè ou ta di fil boule nan dife.
Konsa yo pa t' rive konnen sa ki te ba l' tout fòs sa a.
10 Dalila di Samson: -Gade jan ou pase m' nan betiz!
On ban m' manti! Tanpri, di m' non! Ki jan yo ka mare
ou! 11 Samson di l' konsa: -Si yo mare m' ak kòd tou
nèf ki poko janm sèvi pou fè ankenn travay, m'ap pèdi
tout fòs mwen, m'ap tankou nenpòt ki moun. 12 Dalila
pran kèk kòd tou nèf, li mare Samson avèk yo, epi li di: -
Samson! Men moun Filisti yo sou ou! Li te mete moun yo
kache nan lòt chanm lan. Men, Samson kase kòd ki te
mare bra l' yo tankou si se te fil yo te ye. 13 Dalila di
Samson: -W'ap pase m' nan betiz toujou. W'ap ban m'
manti. Tanpri, moutre m' kijan yo ka mare ou. Samson di
l': -Si ou pran sèt très cheve m' yo ou trese yo ansanm epi
ou kenbè yo ak yon gwo peny, m'ap pedi tout fòs mwen,
m'ap tankou nenpòt ki moun. 14 Dalila fè l' dòmi. Li trese
sèt très cheve l' yo ansanm, li sere yo byen sere avèk yon
gwo peny, epi li rele: -Samson! Men moun Filisti yo sou
ou! Samson leve, li rache peny lan, li detrese cheve l'
yo. 15 Dalila di l' konsa: -Ou pa bezwen di ou renmen m'
menm, paske ou pa sensè avè m'. Sa fè twa fwa ou pase
m' nan betiz. Ou pa janm di m' ki bò ou jwenn tout fòs sa
a. 16 Chak jou li rete la nan kò Samson, l'ap plenyen nan
tèt li. Samson pa t' kapab ankò, rete pou l' te mouri. 17
Bout pou bout li ba li sekrè a, li di l' konsa: -Mwen pa
janm koupe cheve nan tèt mwen. Se yon nazirit mwen
ye, yo mete m' apa pou Bondye depi nan vant manman
m'. Si yo koupe tout cheve nan tèt mwen, m'ap pèdi tout
fòs mwen, m'ap tankou nenpòt ki moun. 18 Lè Dalila wè
Samson te ba l' sekrè a, li voye rele chèf moun Filisti yo, li
di yo: -Fwa sa a, nou mèt vini, paske li ban m' sekrè a.
Chèf moun Filisti yo vin jwenn li. Yo tou pote lajan an avèk
yo. 19 Dalila fè dòmi pran Samson sou jenou l', li fè rele
yon nonm ki koupe sèt très cheve Samson yo ra. Epi li
seye fè fòs ak li. Men Samson te pèdi tout fòs li. 20 Lè
sa a, Dalila rele: -Samson! Men moun Filisti yo sou ou!
Msye leve, li t'ap di nan kè l' l'ap soti anba kòd yo, l'ap
met deyò tankou lòt fwa yo. Men, li pa t' konnen Seyè a
pa t' avè l' ankò. 21 Moun Filisti yo mete men sou li, epi
yo pete de grenn je l' yo. Yo mennen l' lavil Gaza, yo mare
l' avèk de gwo chenn an asye. Se li menm yo te fè vire
gwo wòl moulen prizon an. 22 Men, cheve l' te konmanse
pouse ankò. 23 Aprè sa, yon jou, chèf moun Filisti yo te
reyini pou fè yon gwo sèvis pou Dagon, bondye yo a.
Yo t'ap fè fèt. Yo t'ap di: -Bondye nou an lage Samson,
lènmi nou an, nan men nou. 24 Lè pèp la te wè Samson,
yo t'ap fè lwanj pou bondye yo a. Yo t'ap di: -Bondye
nou an fè nou mete men sou Samson lènmi nou an ki
t'ap devaste peyi a, ki t'ap touye tout moun sa yo nan

mitan nou. 25 Kè tout moun te kontan. Yo di konsa: -
Fè chache Samson pou n' ka pran plezi nou ak li. Y' al
chache Samson nan prizon an, yo mennen l' devan yo
pou yo te ka pran plezi yo avè l'. Yo mete msye nan mitan
de gwo poto. 26 Samson di ti bway ki te kenbe men l' lan:
-Mennen m' bò de gwo poto ki kenbe tout tanp lan. Mete
men m' sou yo pou m' ka fè yon ti apiye. 27 Tanp lan te
plen moun, fanm kou gason. Tout chèf moun Filisti yo te
la. Te gen twamil (3.000) moun konsa, fanm kou gason,
anwo twati a ki t'ap gade Samson, ki t'ap pran plezi yo
ak li. 28 Lè sa a, Samson lapriyè nan pye Bondye, li di:
-O Bondye Seyè! Tanpri, chonje m' non jòdi a! Tanpri,
Bondye, ban m' fòs ankò pou yon dènye fwa, pou m' ka fè
moun Filisti yo peye yon grenn kou pou de je m' yo pete
a. 29 Epi Samson mete men l' sou de gwo poto mitan ki
te kenbe tout tanp lan. Li apiye yon men l' sou chak. 30
Epi li di: -M' te mèt mouri ansanm ak moun Filisti yo. Li
pouse ak tout fòs li sou poto yo, epi tanp lan tonbe sou
tout chèf yo ak sou tout moun ki te la yo. Jou li mouri a, li
te touye plis moun pase kantite moun li te touye pandan
lavi li. 31 Frè l' yo ansanm ak tout fanmi l' yo desann vin
pran kadav la. Yo pote l' tounen lakay yo, yo antere l' nan
kavo Manoak, papa li, ant lavil Soreja ak lavil Echtawòl. Li
te pase ventan (20 an) ap gouvènen moun pèp Izrayèl la.

17 Te gen yon nonm yo te rele Mika ki te rete nan mòn
peyi Efrayim yo. 2 Li di manman l' konsa: -Lè yo te
vòlò milsan (1.100) pyès lajan ou yo, ou te bay vòlò a
madichon. Nou te tande ou ak pwòp zòrèy nou. Gade,
men lajan an nan men m'. Se mwen menm ki te pran yo.
Manman an di l': -Se pou Seyè a beni ou, pitit mwen,
pou sa! 3 Mika renmèt milsan pyès lajan yo bay manman
l'. Manman an di l' konsa: -Mwen te mete lajan an apa
pou Seyè a pou anyen pa rive ou, pitit gason mwen. W'a
sèvi avè l' pou fè yon zidòl, yon estati fonn nan moul. Se
poutèt sa m'ap renmèt ou lajan an ankò. 4 Men, pitit la
renmèt lajan an bay manman l'. Madanm lan pran desan
(200) pyès an ajan, li bay yon bòs ki fè yon zidòl an bwa
epi li kouvri li nèt ak ajan. Li mete li lakay Mika. 5 Nonm
Mika a te mete yon kote apa pou li menm l' al fè sèvis pou
Seyè a. Li fè yon estati ansanm ak lòt ti zidòl wogatwa
epi li chwazi yonn nan pitit gason li yo, li ba l' pouvwa
pou l' sèvi l' prèt. 6 Nan tan sa a, pa t' gen wa nan peyi
Izrayèl la. Chak moun t'ap fè sa yo pito. 7 Te gen yon
jenn gason ki te rete lavil Betleyèm nan peyi Jida. Se
te yon moun nan fanmi Levi yo. 8 Li kite lavil Betleyèm
nan peyi Jida a, li pati, l' al chache yon lòt kote pou l' fè
ladesant. Antan l'ap vwayaje konsa, li rive lakay Mika, nan
mòn peyi Efrayim yo. 9 Mika mande l': -Kote ou soti?
Nèg la reponn: -Mwen se moun fanmi Levi, m' soti lavil
Betleyèm nan peyi Jida. M'ap chache yon lòt kote pou m'
fè ladesant. 10 Mika di l' konsa: -Vin rete lakay mwen
non. W'a tou sèvi m' konseye ak prèt. M'a ba ou dis pyès
lò chak lanne, san konte rad ak manje. 11 Moun Levi a te
dakò pou l' rete lakay Mika ki te sèvi avè l' tankou pwòp
pitit gason l'. 12 Mika menm bay moun Levi a pouvwa pou
l' sèvi l' prèt. Se konsa, li rete nèt lakay Mika. 13 Lè sa a,
Mika di konsa: -Koulye a, mwen konnen Seyè a pral fè
tout zafè m' mache byen paske mwen gen yon moun Levi
k'ap sèvi m' prèt.

18 Nan tan sa a pa t' gen wa nan peyi Izrayèl la. Lè
sa a, moun branch fanmi Dann yo t'ap chache yon
pòsyon tè nan peyi a pou yo rete, paske depi tout tan
sa a, nan tout branch fanmi pèp Izrayèl la, yo pa t' ankò
resevwa pòsyon pa yo a. 2 Moun Dann yo chwazi senk
vanyan gason ki gen lespri nan branch fanmi yo, moun
lavil Soreja ak moun lavil Echtawòl, yo voye yo al vizite
tout peyi a pou wè ki jan sa ye. Se konsa, y' al nan mòn
Efrayim yo, yo rive toupre lakay Mika, yo rete pase lannwit
lan la. 3 Antan yo te la bò kay Mika a, yo rekonèt vwa
jenn moun Levi a. Yo pwoche, yo mande l': -Ki moun ki
mennen ou isit la? Sa w'ap fè isit la? Kisa ou pèdi isit la?
4 Li reponn yo: -Mwen gen yon dizon ak Mika, l'ap peye
m', epi m'ap sèvi l' prèt. 5 Yo di l' konsa: -Tanpri, mande
Bondye si n'ap jwenn sa n'ap chache nan vwayaj nou an.
6 Prèt la di yo: -Nou pa bezwen pè. Seyè a ap voye je
sou nou pandan tout vwayaj la. 7 Senk mesye yo ale,
yo rive lavil layis. Yo wè ki jan moun ki te rete Layis yo
te san pwoblèm, tankou moun peyi Sidon yo. Se te yon
bann moun ki t'ap viv byen yonn ak lòt, ki pa t' nan kont
ak pesonn nan peyi a. Yo te gen tou sa yo te bezwen.
Yo t'ap viv byen lwen moun peyi Sidon yo, yo pa t' mele
ak pesonn moun lòt nasyon yo. 8 Mesye yo tounen lavil
Soreja ak lavil Echtawòl. Fanmi yo mande yo kisa yo wè.
9 Yo reponn: -Nou wè peyi a. Li bon anpil. Pa rete isit la
bra kwaze ap gade. Prese non! Ann moute al pran peyi a
pou nou. 10 Lè n'a rive, n'a jwenn yon bann moun ki p'ap
sispèk anyen. Peyi a laj anpil. Se Bondye menm ki ban
nou peyi a. Se kote n'ap jwenn tou sa nou ka bezwen. 11
Se konsa sisan (600) gason nan branch fanmi Dann lan,
yo tout moun lavil Soreja ak moun lavil Echtawòl, yo chak
ak zam nan men yo, yo pati al goumen. 12 Yo moute, yo
rete toupre lavil Kiriyat-Jearim, nan peyi Jida sou bò solèy
kouche. Se poutèt sa, jouk jounen jòdi a, yo rele kote sa a
Kan moun Dann yo. 13 Apre sa, yo kite kote yo te ye a, y'
al nan mòn Efrayim yo, yo rive bò kay Mika a. 14 Lè sa a,
senk mesye yo te voye al vizite peyi ki nan vwazinaj lavil
layis la di lòt moun ki te avèk yo konsa: -Eske nou konnen,
nan yonn nan kay sa yo gen yon estati ansanm ak lòt
zidòl wogatwa? Gen yon estati an bwa ki kouvri ak ajan
tou. Kisa nou kwè nou ta fè la a? 15 Yo fè yon ti chankre,
yo antre lakay Mika, kote jenn moun fanmi Levi a te rete
a. Yo mande l' nouvèl li. 16 Sisan moun fanmi Dann yo te
kanpe ak tout zam yo nan men yo bò pòt devan an. 17
Senk mesye yo te voye al vizite peyi a antre nan kay la,
yo pran estati a, zidòl wogatwa yo ak estati an bwa ki
kouvri ak ajan an. Prèt la menm te rete bò pòt devan an
ak sisan sòlda ame yo. 18 Lè prèt la wè senk mesye yo ki
t'ap soti lakay Mika a ak estati a, zidòl wogatwa yo ak
estati an bwa kouvri ak ajan an, li di yo: -Sa n'ap fè la a?

19 Yo reponn li: -Pe bouch ou, monchè! Ou pa bezwen di
anyen! Vin avèk nou, w'a sèvi nou konseye, w'a prèt nou
tou. Sa ou pi pito: prèt fanmi yon grenn moun osinon prèt
tout yon branch fanmi nan pèp Izrayèl la? 20 Sa te fè
kè prèt la kontan. Li pran zidòl la, estati an bwa a, ak
lòt zidòl wogatwa yo, epi l' ale ansanm ak yo. 21 Mesye
yo reprann chemen yo, y' al fè wout yo. Yo fè timoun yo
pran devan ansanm ak bèt yo ak tout lòt bagay yo. 22
Yo te deja kite kay Mika a yon bèl ti bout, lè moun nan
vwazinaj kay Mika yo sanble. Yo tanmen rapouswiv moun
Dann yo. 23 Yo t'ap rele dèyè yo. Moun Dann yo vire,
yo mande Mika: -Sa ki genyen? Pouki tout moun sa yo
dèyè nou an? 24 Mika reponn yo: -N'ap mande m' sa ki
genyen menm? Nou fin vòlò estati zidòl yo, ansanm ak
prèt mwen an epi n' al fè wout nou. Ak kisa nou kite m' la
a? 25 Moun Dann yo di l' konsa: -Pa pale fò sou nou
konsa, tande. Mesye yo va fache. Y'a tonbe sou ou. Lè sa
a, ni ou ni moun lakay ou yo, n'a pèdi lavi nou. 26 Aprè
sa, moun Dann yo al fè wout yo. Mika menm, lè li wè
mesye yo te pi fò pase l', li tounen tounen l', l' al lakay li.
27 Moun Dann yo te pran bagay Mika te fè yo ansanm ak
prèt ki t'ap sèvi li a pou yo. Yo rive lavil layis, kote moun
yo t'ap viv byen yonn ak lòt san bri san kont, yo atake
lavil la. Yo bat moun yo, yo touye yo tout epi yo met dife
nan lavil la. 28 Pa t' gen pesonn pou vin sove moun sa
yo anba men moun Dann yo, paske lavil la te lwen peyi
Sidon an anpil, lèfini tou, moun yo pa t' mele ak pesonn
moun lòt nasyon yo. Lavil la te nan menm fon ak lavil
Bètreyòb la. Moun Dann yo rebati lavil la, yo rete ladan l'.
29 Yo rele l' lavil Dann, menm non ak Dann, zansèt yo a,
pitit gason Jakòb la. Anvan sa, lavil la te rele Layis. 30
Moun Dann yo fè yon zidòl pou yo sèvi. Se Jonatan, pitit
gason Gèchon ki li menm te pitit Moyiz, ki te sèvi yo prèt.
Se pitit li yo ki te toujou sèvi yo prèt apre sa jouk lè yo te
depòte pèp la nan peyi etranje. 31 Zidòl Mika a te rete la
nan mitan yo pandan tout tan kay Bondye a te lavil Silo.

19 Nan tan sa a pa t' gen wa nan peyi Izrayèl la. Yon
jou, yon moun Levi ki te rete nan fon mòn Efrayim
yo leve, l' al pran yon fanm, moun lavil Betleyèm nan
peyi Jida, pou fanm kay li. 2 Men, fanm lan vin tonbe
nan dezòd sou li, epi li kite l', li tounen lakay papa l', lavil
Betleyèm nan peyi Jida. Li pase kat mwa la. 3 Lè sa a,
mari a leve, l' al dèyè l' pou l' wè si li te ka tounen avè l'
ankò. Li te pati ansanm ak yon domestik ak de bourik.
Madanm lan te byen resevwa l' lakay papa l'. Lè papa
madanm lan wè l', li te byen kontan resevwa l' tou. 4 Bòpè
a pran tèt moun Levi a, li fè l' rete pase twa jou avè l'.
Mesyedam yo manje, yo bwè, yo pase nwit nan kay la.
5 Sou katriyèm jou a, yo leve granmaten, yo pare zafè
yo pou yo pati. Men, papa madanm lan di moun Levi a
konsa: -Mete yon bagay nan vant ou anvan. W'a santi ou
anfòm. Aprè sa, w'a pati. 6 Mesyedam yo chita, yo manje,
epi yo bwè. Apre sa, papa madanm lan di moun Levi a
konsa: -Tanpri, pase nwit la ankò isit la. Pran plezi ou non!
7 Nonm lan te leve pou l' pati, men bòpè a sitèlman kenbe
la avè l', li tounen pase nwit la la ankò. 8 Sou senkyèm
jou a, nan granmaten, li leve pou l' ale. Bòpè a di l' konsa:
-Mete kichòy nan vant ou non, monchè. W'a pati pita. Se
konsa de mesye yo chita, yo manje. 9 Aprè sa, nonm lan
leve pou l' ale ansanm ak fanm kay li ak domestik li a,
men bòpè a di l': -Gade solèy pral kouche, tou rete pase
nwit lan non. Talè fènwa pral tonbe. Rete non, monchè.
Pran plezi ou! Denmen, w'a leve byen bonè pou vwayaj
la, w'aprale lakay ou. 10 Men, fwa sa a nonm lan pa t' vle
rete pase yon lòt nwit ankò. Li leve, l' ale ansanm ak fanm
kay li ak de bourik yo tou sele. Yo rive toupre lavil Jebis ki
vle di lavil Jerizalèm. 11 Lè sa a, te konmanse ap fè nwa
anpil, domestik la di l' konsa: -Ann fè yon antre nan lavil
moun Jebis yo non. N'a pase nwit la la. 12 Men, mèt la
di l' konsa: -Non! Nou pa pral antre nan lavil moun lòt
nasyon yo, kote pa gen yon moun pèp Izrayèl la menm.
N'ap fè wout nou jouk nou rive lavil Gibeya. 13 Ann al pi
devan. N'a pase nwit lan lavil Gibeya osinon lavil Rama.
14 Se konsa yo pa rete, y' al fè wout yo. Solèy t'ap fin
kouche lè yo rive bò lavil Gibeya, ki nan teritwa moun
branch fanmi Benjamen yo. 15 Yo chankre sou wout la,
yo vin pase nwit lan lavil Gibeya. Moun Levi a antre nan
lavil la, l' al chita sou plas la, men pesonn pa t' envite yo
vin pase nwit lan lakay yo. 16 Nan aswè, yon granmoun
gason ki t'ap sot nan jaden vin ap antre lakay li. Se te yon
moun mòn Efrayim yo li te ye. Li te rete lavil Gibeya. Men,
tout moun lavil yo se moun fanmi Benjamen yo te ye.
17 Je granmoun lan al tonbe sou vwayajè yo ki te sou
plas la. Li di moun Levi a konsa: -Kote ou prale? Kote ou
soti? 18 Moun Levi a reponn li: -Nou soti lavil Betleyèm
nan peyi Jida, n'ap vwayaje, nou pral byen lwen nan
fon mòn Efrayim yo. Se la mwen rete. Mwen te desann
ale Betleyèm, men koulye a m'ap tounen lakay mwen.
Pesonn pa envite nou vin pase nwit lan lakay yo. 19 Nou
gen manje ak zèb pou bourik nou, nou gen pen ak diven
pou mwen, pou fanm kay mwen, ak pou domestik ki ak
nou an. Nou pa manke anyen. 20 Lè sa a granmoun lan
di: -Pòt kay mwen louvri pou nou! Se mwen menm k'ap ba
ou tou sa ou bezwen. Sèlman pa rete pase nwit lan la sou
plas la. 21 Se konsa li mennen yo lakay li, li bay bèt yo
zèb. Mesyedam yo menm lave pye yo, epi yo manje, yo
bwè. 22 Yo t'ap koze yonn ak lòt lè kèk mesye lavil la, yon
bann vòryen, vin sènen kay la. Yo pran frape nan pòt la.
Yo pale ak granmoun ki te mèt kay la, yo di l' konsa: -Fè
nonm ki lakay ou a soti vin jwenn nou pou nou ka kouche
avè l'. 23 Mèt kay la soti al jwenn yo, li di yo konsa: -Non,
mezanmi! Tanpri, pa fè vye bagay lèd sa a. Nonm lan se
lakay mwen li ye. Pa vin fè bagay sal sa a. 24 Bon, gade!
Mwen gen yon jenn pitit fi, li menm li gen yon fanm kay.
Mwen pral fè yo soti vin jwenn nou. Nou mèt kouche ak
yo. Nou mèt fè sa nou vle ak yo. Men, pa vin fè ankenn
vye bagay derespektan ak nonm lan. 25 Men, mesye yo
pa t' vle koute l'. Lè sa a, moun Levi a pran fanm kay li
a, li fè l' soti al jwenn yo deyò a. Tout mesye yo kouche
avè l', yo fè tout kalite bagay avè l' pandan tout nwit lan.

Solèy t'apral leve lè yo kite l'. 26 Lè bajou kase, fanm lan
trennen jouk li rive devan papòt kay kote mari l' te ye a. Li
rete atè a jouk solèy fin leve. 27 Nan maten, mari a leve, li
louvri pòt pou l' soti. Li fè sa pou l' al fè wout li, li wè fanm
kay li a blayi atè a devan kay la, ak de men l' yo lonje sou
papòt la. 28 Li di: -Leve non! Ann ale! Men, fanm lan pa
reponn li. Li pran kadav la, li mete l' detravè sou bourik li,
epi li pati, l' al lakay li. 29 Lè l' rive lakay li, li pran yon
kouto, li koupe kadav fanm kay li a fè douz moso, epi li
voye yon moso nan chak branch fanmi peyi Izrayèl la. 30
Chak moun ki te wè sa di konsa: -Nou pa janm wè bagay
konsa! Bagay konsa pa janm rive nan mitan nou depi lè
pèp Izrayèl la kite peyi Lejip rive jounen jòdi a. Annou
kalkile byen kisa nou pral fè pou sa. Sa nou di nan sa?

20 Tout pèp Izrayèl la nèt, depi lavil Dann nan nò jouk
lavil Bècheba nan sid, pase nan peyi Galarad, tout
pèp la nèt kanpe. Yo reyini ansanm devan Seyè a, lavil
Mispa. 2 Tout chèf fanmi yo ansanm ak tout lòt chèf pèp
Izrayèl la te sanble la devan Seyè a. Te gen katsanmil
(400.000) sòlda apye antou. 3 Moun Benjamen yo vin
konnen rès pèp Izrayèl la te moute lavil Mispa. Moun
Izrayèl yo mande: -Manyè di nou ki jan bagay lèd sa a fè
rive. 4 Moun Levi a, mari fanm yo te sasinen an, reponn: -
Mwen te ale lavil Gibeya nan peyi Benjamen an ansanm
ak fanm kay mwen pou m' te pase nwit. 5 Mesye lavil
Gibeya yo te soti pou vin pran m' nan mitan lannwit lan,
yo sènen kay kote m' te ye a. Yo te vle touye m'. Yo fè
kadejak sou fanm kay mwen an, epi li mouri. 6 Mwen pran
kadav la, mwen koupe l' an moso, epi mwen voye moso
yo toupatou nan peyi Izrayèl la, paske moun Benjamen
yo te fè yon vye bagay derespektan, yon move bagay
nan mitan pèp Izrayèl la. 7 Nou tout isit la se moun pèp
Izrayèl la nou ye. Sa nou di nan sa? Sa nou pral fè? 8
Tout pèp la kanpe ansanm, epi yo di: -Pesonn nan nou la
a pa pral lakay li, kit li rete lavil, kit li rete andeyò. 9 Men
sa nou pral fè: nou pral tire osò pou n' chwazi kèk moun
pou al regle moun lavil Gibeya yo. 10 Lèfini n'ap pran yon
moun sou dis nan chak branch fanmi yo pou al chache
manje pou moun ki pral regle moun lavil Gibeya yo pou
vye bagay derespektan yo te fè nan peyi Izrayèl la. 11 Se
konsa tout pèp Izrayèl la te mete tèt yo ansanm pou y'
al pini moun lavil Gibeya yo. 12 Lòt branch fanmi pèp
Izrayèl yo te voye mesaje nan tout peyi moun Benjamen
yo pou di yo: -Ki vye krim sa a nou tande ki fèt konsa
lakay nou? 13 Koulye a ban nou moun sa yo, bann vòryen
lavil Gibeya yo, pou nou ka touye yo, pou n' ka wete move
bagay derespektan sa a nan peyi Izrayèl la. Men, moun
Benjamen yo pa koute sa lòt moun pèp Izrayèl yo t'ap di
yo. Yo rete sou sa yo te fè a. 14 Yo soti toupatou nan
tout lavil Benjamen yo, yo sanble lavil Gibeya pou y' al
goumen ak rès pèp Izrayèl la. 15 Jou sa a yo konte, yo
jwenn te gen vennsimil (26.000) sòlda antou ki te soti
nan tout lavil yo, san konte sètsan (700) sòlda moun lavil
Gibeya yo te chwazi. 16 Pami tout sòlda sa yo te gen
sètsan (700) ladan yo ki te bon anpil nan fè lagè. Yo tout
te sèvi ak men gòch yo. Yo tout te ka vize yon cheve ak
yon wòch, san yo pa janm manke l' yon fwa. 17 Moun pèp
Izrayèl yo menm, san konte branch fanmi Benjamen an,
te gen katsanmil (400.000) gason ki te konn goumen. 18
Moun pèp Izrayèl yo leve, y' ale lavil Betèl, y' al mande
Seyè a sa pou yo fè. Yo mande l': -Ki branch fanmi nan
pèp Izrayèl la ki pou al atake moun Benjamen yo anvan?
Seyè a di yo: -Se branch fanmi Jida a. 19 Se konsa, pèp
Izrayèl la leve nan denmen maten, y' al pran pozisyon
bò lavil Gibeya. 20 Lèfini, yo pati pou y' al goumen ak
moun branch fanmi Benjamen yo. Yo pran pozisyon anfas
lavil Gibeya. 21 Moun Benjamen yo soti lavil Gibeya. Jou
sa a yo desann venndemil (22.000) sòlda nan lame pèp
Izrayèl la. 22 Men, lame pèp Izrayèl la reprann fòs, yo
pran pozisyon ankò menm kote yo te ye premye jou a pou
y' al goumen. 23 Moun pèp Izrayèl yo menm moute Betèl,
y' al kriye nan pye Seyè a jouk aswè, epi yo mande Seyè
a sa pou yo fè. Yo di l': -Eske se pou n' al goumen ankò
kont moun fanmi Benjamen yo, frè nou yo? Seyè a reponn
yo: -Wi. Nou mèt ale. 24 Se konsa lame pèp Izrayèl la
atake moun Benjamen yo yon dezyèm fwa. 25 Men, moun
Benjamen yo soti lavil Gibeya vin kontre ak yo. Fwa sa a
yo touye dizwitmil (18.000) solda nan lame pèp Izrayèl
la. 26 Lè sa a, ni lame a ni rès pèp Izrayèl la moute lavil
Betèl. Yo chita la devan Seyè a ap kriye. Jou sa a, yo rete
san manje jouk aswè. Apre sa, yo boule bèt nan dife pou
Seyè a, yo fè ofrann pou mande Seyè a padon. 27 Lèfini,
yo mande Seyè a ankò sa pou yo fè. Lè sa a, Bwat Kontra
Bondye a te lavil Betèl. 28 Se Fineas, pitit gason Eleaza,
pitit pitit Arawon an, ki te reskonsab pou fè sèvis devan
Bwat Kontra a. Yo di Seyè a: -Eske se pou n' al goumen
ankò kont moun Benjamen yo, frè nou yo, osinon èske se
pou n' rete sou sa nou fè a? Seyè a reponn yo: -Nou mèt
al goumen. Paske denmen m'ap lage yo nan men nou. 29
Moun Izrayèl yo mete kèk sòlda kache toupatou bò lavil
Gibeya a. 30 Apre sa, sou twazyèm jou a, yo moute al
goumen ak lame moun Benjamen yo. Yo pran pozisyon
ankò devan lavil Gibeya a jan yo te fè l' anvan an. 31
Moun Benjamen yo soti vin kontre ak lame a. Yo kite lavil
la byen lwen dèyè yo. Tankou lòt fwa yo, yo konmanse
desann gason nan lame a, yo touye trant sòlda konsa, ni
sou wout ki moute lavil Betèl la, ni sou wout ki mennen
lavil Gibeya a pa mòn. 32 Moun Benjamen yo t'ap di:
-Nou bat yo ankò, tankou lòt fwa yo. Men, moun pèp
Izrayèl yo t'ap di: -Ann kouri devan yo sou wout andeyò
yo pou yo ka kite lavil la byen lwen dèyè yo. 33 Lè sa a,
lame pèp Izrayèl la kouri kite tout kote yo te gaye yo, yo
sanble bò Baal-Tama. Men mesye ki te kache yo kouri
soti kote yo te ye a, dèyè gwo wòch ki te bò lavil Gibeya
a. 34 Dimil (10.000) bon sòlda yo te chwazi nan lame
pèp Izrayèl la al kontre ak moun Gibeya yo. Batay la te
rèd mare. Men, moun Benjamen yo pa t' ankò konprann
batay la tapral vire mal pou yo. 35 Seyè a fè pèp Izrayèl
la bat lame moun Benjamen yo byen bat jou sa a. Lame
pèp Izrayèl la te desann vennsenkmil san (25.100) sòlda

nan moun Benjamen yo. **36** Se lè sa a, moun Benjamen
yo vin wè yo t'ap pèdi batay la vre. Moun pèp Izrayèl yo
menm t'ap fè bak devan moun Benjamen yo paske yo
t'ap konte sou mesye ki te anbiske kò yo bò lavil Gibeya
a. **37** Mesye sa yo kouri soti nan kachèt yo, yo desann
sou lavil Gibeya a, yo gaye nan tout lavil la, yo touye
dènye moun yo jwenn ladan l'. **38** Moun Izrayèl yo te gen
dizon ak mesye ki te kache yo pou yo te bay yon siyal ak
lafimen. Lè yo wè gwo nwaj lafimen an ap moute soti
nan lavil la, **39** moun Izrayèl yo vire fè fas kare ak moun
Benjamen yo. Lè sa a, moun Benjamen yo te gen tan
touye trant moun konsa nan mitan yo. Yonn t'ap di lòt
konsa: -Wi, nou bat yo fwa sa a tankou anvan an. **40**
Lamenm siyal la parèt. Nwaj lafimen an konmanse moute
soti nan lavil la. Moun Benjamen yo vire gade dèyè, yo
sezi wè dife te pete toupatou nan lavil la. **41** Moun Izrayèl
yo menm te vire tounen sou yo. Lè sa a, laperèz fè moun
Benjamen yo pèdi tèt yo, paske yo te vin konprann bagay
la tapral pase mal pou yo. **42** Yo pran kouri pou moun
Izrayèl yo, yo pran wout dezè a pou yo. Men, li te twò
ta, yo pa t' ka chape ankò. Yo pran nan mitan de kan,
lame moun Izrayèl la yon bò ak sòlda ki t'ap soti lavil
la lòt bò. Yo tout mouri. **43** Moun Izrayèl yo kouri dèyè
yo san rete, yo touye yo yonn apre lòt jouk yo rive yon
kote anfas Gibeya bò solèy leve. **44** Yo touye dizwitmil
(18.000) moun nan pi bon sòlda moun Benjamen yo. **45**
Lòt yo menm kouri ale nan dezè a bò wòch Rimon an.
Yo touye senkmil (5.000) ladan yo sou wout yo. Yo kouri
dèyè rès la jouk Gideyon. Yo touye demil (2.000) ladan
yo. **46** Jou sa a, yo te touye vennsenkmil (25.000) moun
antou nan branch fanmi Benjamen an. Epi tout te bon
sòlda ki te konn goumen. **47** Men, gen sisan (600) nan
moun ki te kouri al nan dezè a, bò Wòch Rimon an, ki rete
kache pandan kat mwa. **48** Moun Izrayèl yo menm tounen
dèyè lòt moun Benjamen yo. Yo touye depi se gason, bèt
ak tout lòt moun ki te nan lavil yo. Yo mete dife nan tout
lavil yo jwenn sou wout yo.

21 Moun pèp Izrayèl yo te fè gwo sèman devan Seyè a
lavil Mispa. Yo te di: -Nou p'ap janm bay pitit fi nou
pou yo marye ak moun nan fanmi Benjamen yo. **2** Pèp la
moute lavil Betèl, yo chita devan Bwat Kontra Seyè a jouk
aswè. Yo t'ap rele, yo t'ap kriye ak gwo dlo nan je yo. **3**
Yo t'ap di: -Seyè o, Bondye pèp Izrayèl la, poukisa sa
rive? Poukisa gen yon branch fanmi nan pèp Izrayèl la ki
manke jòdi a? **4** Nan denmen, moun yo leve byen bonè,
yo bati yon lotèl. Yo boule bèt nan dife nèt sou li, yo fè
ofrann pou mande Bondye padon. **5** Lèfini, yo t'ap mande:
-Kilès nan tout branch fanmi pèp Izrayèl la ki pa t' nan
reyinyon nou te fè devan Seyè a? Lè reyinyon an, yo te fè
yon gwo sèman pou yo touye tout moun ki pa t' mete pye
yo lavil Mispa devan Seyè a. **6** Men, pèp Izrayèl la te nan
gwo lapenn pou moun Benjamen yo, frè yo. Yo t'ap di: -Wi
jòdi a, pèp Izrayèl la pèdi yon branch fanmi vre! **7** Kisa
nou pral fè pou ti rès ki rete a ka jwenn fi pou yo marye,
paske nou te fè sèman devan Seyè a nou p'ap janm ba
yo pitit fi nou yo pou madanm. **8** Lè sa a, yo mande: -
Kilès nan branch fanmi pèp Izrayèl la ki pa t' moute lavil
Mispa devan Seyè a? Yo jwenn pesonn nan lavil Jabès
nan peyi Galarad la, pa t' vin nan kan an pou patisipe nan
reyinyon an. **9** Lè yo t'ap konte moun ki te la yo, pa t' gen
yon moun nan lavil Jabès nan peyi Galarad la. **10** Se
konsa, moun ki te sanble yo chwazi douz mil (12.000)
sòlda nan sa ki pi bon yo, yo voye yo la ak lòd sa a: -
Ale nan peyi Galarad. Touye dènye moun lavil Jabès, ata
fanm ak timoun. **11** Men sa pou nou fè: N'a touye dènye
gason ak tout fanm ki deja marye tankou ofrann n'ap fè
pou Seyè a. **12** Nan moun lavil Jabès nan peyi Galarad la,
yo jwenn katsan (400) jenn fi ki pa t' janm ko konn gason.
Yo mennen yo nan kan an lavil Silo, nan peyi Kanaran. **13**
Lèfini, tout moun ki te sanble yo voye komisyon bay moun
Benjamen yo ki te bò Wòch Rimon an. Yo mande yo fè
lapè. **14** Moun Benjamen yo tounen, epi lòt moun Izrayèl
yo ba yo jenn fi lavil Jabès yo pa t' touye yo pou madanm.
Men, pa t' gen ase pou yo tout. **15** Sa te fè pèp Izrayèl
la lapenn anpil pou moun Benjamen yo, paske Seyè a
te kraze tèt ansanm ki te gen nan pèp Izrayèl la. **16** Se
konsa chèf ki te la yo di konsa: -Pa gen fanm ankò nan
branch fanmi Benjamen an. Kisa nou pral fè la a pou nou
bay rès mesye yo fanm pou yo marye? **17** Yo di ankò: -
Pèp Izrayèl la pa ka pèdi yon branch fanmi. Se pou nou
jwenn yon mwayen pou branch fanmi Benjamen an ka la
toujou. **18** Men, nou pa ka pran nan fi nou yo pou nou ba
yo pou madanm, paske pèp Izrayèl la te fè sèman pou
yo pa fè sa. Yo te di: Madichon pou nenpòt moun ki va
pran pitit fi yo bay moun nan fanmi Benjamen an pou
madanm. **19** Apre sa yo di: -Nan kèk jou, se pral lè pou
nou fè gwo fèt nou gen pou nou fè chak lanne pou Seyè a
lavil Silo. Lavil Silo sa a te sou bò nò lavil Betèl, sou bò
sid lavil Lebona, sou bò solèy kouche wout ki soti Betèl
moute Sichèm. **20** Yo di moun Benjamen yo: -Al kache
nan jaden rezen yo. **21** Lè n'a wè jenn fi lavil Silo yo soti
pou y' al danse ansanm pandan fèt la, nou menm n'a soti
nan jaden rezen yo. Chak moun va pran yonn ladan yo pa
fòs, epi n'a ale nan peyi Benjamen avèk yo. **22** Si papa
yo osinon frè yo vin jwenn nou, nou menm chèf pèp la,
pou pote plent, n'a di yo: Tanpri, kite yo pran yo, paske
nou pa t' jwenn kont fanm pou yo lè nou te al goumen
lavil Jabès la. Epitou, se pa nou menm ki te ba yo pitit fi
nou yo pou madanm. Konsa, pesonn p'ap ka di nou pa t'
kenbe sèman nou. **23** Mesye Benjamen yo fè sa yo te di
yo fè a. Chak mesye yo pran yon fi pami sa ki t'ap danse
yo, yo pati ak yo. Yo tounen nan peyi zansèt yo. Yo rebati
lavil yo, epi yo rete la. **24** Lè sa a, rès moun pèp Izrayèl la
leve yo pati, yo tounen lakay yo al jwenn fanmi yo, nan
pòsyon tè yo te bay zansèt yo. **25** Nan tan sa a pa t' gen
wa nan peyi Izrayèl la. Chak moun te fè sa yo pito.

Rit

1 Vwala, te gen yon grangou ki te tonbe sou peyi Izrayèl
la. Lè sa a, se chèf ki t'ap gouvènen peyi a. Se konsa
yon nonm lavil Betleyèm, nan pòsyon tè ki pou branch
fanmi Jida a, leve, li pran madanm li ak de pitit gason l'
yo, li al pase kèk tan nan peyi Moab. **2** Nonm lan te rele
Elimelèk, madanm li te rele Naomi. De pitit gason l' yo te
rele Maklon ak Kiljon. Se moun branch fanmi Efrat la yo te
ye, moun lavil Betleyèm nan peyi Jida. Antan yo t'ap viv
nan peyi Moab la, **3** Elimelèk mouri, li kite Naomi pou
kò l' ak de pitit gason li yo. **4** De ti mesye yo te marye
ak de fi moun peyi Moab: yonn te rele Opa, lòt la te rele
Rit. Yo t'ap mache sou dizan depi yo t'ap viv nan peyi
a, **5** lè Maklon ak Kiljon tonbe, yo mouri tou. Se konsa
Naomi twouve vin pou kont li: li te pèdi ni mari l' ni pitit
gason l' yo. **6** Antan Naomi te peyi Moab toujou, li vin
pran nouvèl jan Seyè a te voye benediksyon sou pèp li a,
jan li te fè yo fè bon rekòt. Menm lè a, li pare zafè l' pou l'
kite peyi Moab ansanm ak de bèlfi li yo. **7** Se konsa yo
leve, yo kite kote yo te ye a, yo pati ansanm pou y' al nan
peyi Jida. **8** Men, antan yo sou wout, Naomi di bèlfi li
yo konsa: -Pito nou tounen lakay nou al jwenn manman
nou. Mwen mande Seyè a pou l' aji byen ak nou menm
jan nou te aji byen avè m' ansanm ak defen yo. **9** Mwen
mande l' pou l' fè nou chak jwenn yon moun remarye ak
nou pou nou ka viv ak kè poze lakay nou. Lè li fin di yo
sa, li bo yo, li di yo li ale. Men, de medam yo pete rele.
10 Yo di l' konsa: -Non! Nou prale avè ou nan peyi ou.
11 Men, Naomi reponn yo: -Pitit mwen, pito nou tounen!
Poukisa nou vle ale avè m'? Nou kwè mwen ka fè pitit
gason ankò pou marye ak nou? **12** Tounen lakay nou!
Mwen twò granmoun pou m' marye ankò. Epitou, menm si
mwen ta mete nan tèt mwen mwen gen espwa marye
ankò, menm si mwen ta rive marye aswè a epi m' ta fè
pitit gason ankò, **13** èske n'ap rete tann yo fin gran? Eske
se sa k'ap anpeche nou marye ak yon lòt moun? Non, pitit
fi m' yo. Nou konnen sa pa ka fèt. Sa fè m' mal anpil pou
nou. Men Seyè a fè m' twòp lapenn deja. **14** Medam yo
pran rele pi rèd. Apre sa, Opa bo bèlmè li a, li di l' orevwa,
epi li al jwenn fanmi li. Men, Rit menm te refize kite l'.
15 Naomi di l' konsa: -Rit machè! Gade bèlsè ou la! Li
tounen li al jwenn moun li yo ansanm ak bondye l'ap sèvi
yo. Fè menm jan an tou. Tounen ansanm avè l' non! **16**
Men, Rit reponn: -Pa fòse m' kite ou! Tanpri, kite m' ale
avè ou. Kote ou prale, mwen prale avè ou. Kote ou rete,
m'a rete avè ou. Se moun pa ou yo ki va moun pa m'.
Bondye w'ap sèvi a, se li m'a sèvi tou. **17** Kote w'a mouri
a, se la m'a mouri tou. Epi se la y'a antere m' tou. Mwen
mande Seyè a pou l' ban mwen pi gwo madichon ki ka
genyen, si se pa lanmò ki pou separe nou. **18** Lè Naomi
wè Rit te soti vre pou ale avè l', li pa di l' anyen ankò. **19**
Yo pati, yo vwayaje ansanm jouk yo rive lavil Betleyèm.
Lè yo rive, wè moun wè yo, lavil la te tèt anba. Medam yo
menm t'ap di: -Ou kwè se Naomi sa? **20** reponn yo: -
Tanpri, pa rele m' Naomi. Pito nou rele m' Mara, paske
Bondye ki gen tout pouvwa a fè m' soufri anpil. **21** Lè
m' te pati isit la, mwen te gen tou sa m' te bezwen. Men
jòdi a, Seyè a mennen m' tounen de men m' de pye m'.
Poukisa pou n'ap rele m' Naomi toujou lè Seyè a fin vire
do ban mwen, lè se malè ase Bondye ki gen tout pouvwa
a voye sou mwen? **22** Se konsa Naomi tounen soti nan
peyi Moab ansanm ak bèlfi li, Rit, moun peyi Moab. Lè yo
rive lavil Betleyèm, rekòt grenn lòj te fèk konmanse.

2 Naomi te gen yon fanmi mari l' yo te rele Bòz. Se
te yon nonm ki te rich epi ki te grannèg. Li te fè pati
menm branch fanmi ak Elimelèk, defen mari Naomi an.
2 Rit, fanm peyi Moab la, di Naomi konsa: -Kite m' ale
nan jaden yo pou m' ranmase tèt lòj moun k'ap ranmase
rekòt yo kite tonbe atè. M'a jwenn yon moun ki va kite m'
ranmase nan jaden li. Naomi reponn li: -Ale non, mafi.
3 Se konsa, Rit leve, li al nan jaden yo, li pran mache
dèyè travayè yo, li t'ap ranmase tèt lòj yo te kite tonbe
atè. Chans pou li, li rive nan yon jaden ki te pou Bòz,
fanmi Elimelèk la. **4** Li te la depi kèk tan lè Bòz rive soti
Betleyèm. Li di travayè yo bonjou, li di yo: -Seyè a avèk
nou! Yo reponn li: -benediksyon Seyè a avè ou tou! **5** Bòz
mande kontwòlè a: -Ki jenn ti madanm sa a? **6** Nonm lan
reponn: -Se yon fi moun lòt peyi li ye. Se li menm ki te
vini ansanm ak Naomi lè li te tounen soti nan peyi Moab.
7 Li te mande m' pou m' kite l' mache dèyè travayè yo
ranmase tèt lòj ki tonbe atè yo. L'ap degaje l' la a depi
maten. Li fèk sispann pou l' pran yon ti repo anba tonèl
lan la a. **8** Lè sa a, Bòz di Rit konsa: -M'ap ba ou yon ti
konsèy, tande, mafi. Ou pa bezwen ale nan lòt jaden pou
ranmase tèt lòj. Ou mèt rete nan jaden sa a, bò medam
yo ki isit la. **9** Gade tout kote y'ap travay nan jaden an, fè
dèyè yo, rete ak yo. Mwen bay mesye m' yo lòd pou yo pa
anbete ou. Chak fwa w'a swaf dlo, ou mèt al bwè nan
kannari yo plen pou sa. **10** Rit bese tèt li jouk atè devan
Bòz. Li di l' konsa: -Poukisa w'ap bay kò ou tout traka sa
a pou mwen? Poukisa w'ap fè tout bagay sa a pou yon
moun ki pa menm ras avè ou? **11** Bòz reponn li: -Yo di m'
tou sa ou te fè pou bèlmè ou depi mari ou mouri a. Mwen
konnen ou kite manman ou, papa ou ak peyi kote ou
moun lan, ou vin viv nan mitan yon lòt pèp ou pa t' janm
konnen anvan. **12** Mwen mande Seyè a pou li rekonpanse
ou pou tou sa ou te fè. Wi. Ou vini mete ou anba zèl li pou
l' pwoteje ou. Se pou Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, ba
ou yon bèl rekonpans! **13** Rit reponn li: -Ou pa konn sa ou
fè la a pou mwen, msye! Jan ou pale byen avè m' la a, sa
ban m' kouraj, malgre mwen pa vo yonn nan medam k'ap
sèvi avè ou yo. **14** Lè lè pou yo manje a rive, Bòz di Rit
konsa: -Pwoche non! Pran yon moso pen, tranpe l' nan
sòs vinèg la pou ou manje! Se konsa Rit vin chita ansanm
ak lòt travayè yo. Bòz te ba li kèk grenn lòj griye tou. Rit
manje plen vant li, epi rès manje ki te rete a, li sere l'. **15**
Lè Rit leve al ranmase, Bòz bay travayè yo lòd sa a: -Nou
mèt kite l' ranmase grenn menm kote pakèt mare yo ye a.
Pa chache l' kont. **16** Okontrè, rache kèk tèt nan pakèt

mare yo, lage yo atè pou l' ka ranmase. Pa di l' anyen,
tande! 17 Se konsa Rit rete ranmase grap lòj nan jaden
an jouk solèy kouche. Lè li fin bat tèt lòj yo, li jwenn sa ki
te manke l' pou l' te gen vennsenk ti mamit la pa t' anyen.
18 Li pran grenn lòj li yo, li tounen lavil, li moutre bèlmè li
tou sa li te ranmase. Li ba li tou rès manje ki te rete lè l' te
fin manje a. 19 Naomi mande l': -Kote ou ranmase tout lòj
sa a jòdi a? Nan jaden ki moun ou t'ap travay, en? Se pou
Bondye beni moun ki fè sa pou ou a! Lè sa a, Rit di bèlmè
li konsa li t'ap travay nan jaden yon msye yo rele Bòz. 20
Naomi di bèlfi li a: -benediksyon Seyè a pou Bòz! Wi.
Seyè a ap toujou kenbe pawòl li, nou te mèt vivan, nou te
mèt mouri! Naomi di ankò: -Nonm sa a, se yon fanmi pre
nou li ye. Se yonn nan moun ki reskonsab defann enterè
fanmi an. 21 Lè sa a, Rit di konsa: -Men sa l' di m' ankò:
Se pou m' rete ranmase tèt lòj ansanm ak travayè li yo
jouk rekòt la fini. 22 Naomi reponn li: -Wi, pitit mwen! Pito
ou rete travay avèk medam yo nan jaden Bòz la, tande. Si
ou ale nan jaden lòt moun, malè ka rive ou. 23 Se konsa,
Rit rete ansanm avèk medam k'ap travay ak Bòz yo. Li
t'ap ranmase tèt lòj jouk travayè yo te fin rekòlte tout lòj la
ak tout ble a. Li t'ap viv tout tan sa a ak bèlmè li toujou.

3 Kèk tan apre sa, Naomi di Rit konsa: -Pa pito m'
chache yon mari pou ou, pou ou ka viv ak kè poze
lakay ou? 2 Ou chonje Bòz, pa vre? Mèt jaden kote ou te
ye ansanm ak medam yo? Bon! Ou chonje mwen te di ou
se yon fanmi pre nou li ye! Bon. Koute! Aswè a, yo pral
vannen lòj yo fin bat yo. 3 Al benyen. Mete odè sou ou,
mete pi bèl rad ou sou ou. Epi ale bò glasi a, kote y'ap
vannen an. Men, pa kite Bòz konnen ou la. W'a tann li fin
manje, li fin bwè diven anvan. 4 Lè sa a, w'a gade byen
kote li al kouche. Lè w'a wè dòmi pran l', ou va ale, w'a
leve pwent dra ki kouvri pye l' yo, epi w'a kouche kouche
ou la, bò kote l'. Li menm l'a di ou sa pou ou fè apre sa. 5
Rit reponn li: -M'a fè tou sa ou di m' fè. 6 Se konsa Rit
leve vre, li ale bò glasi a, li fè sa bèlmè li te di l' fè a. 7 Lè
Bòz fin manje, lè li fin bwè diven, kè l' te kontan. Li al
kouche bò yon pil pay lòj, epi dòmi pote l' ale. Lè sa a, Rit
pwoche tou dousman, li leve pwent dra ki te kouvri pye l'
yo, epi li kouche la bò kote l'. 8 Nan mitan lannwit, Bòz
pantan nan dòmi an. Li leve, li panche, li tou sezi wè yon
fanm ki te kouche nan pye l'. 9 Li mande: -Ki moun sa?
Rit reponn li: -Se mwen menm, Rit. Ou se yon fanmi pre
nou. Se ou ki reskonsab pou pran swen mwen. Mwen vin
jwenn ou. 10 Bòz di l' konsa: -benediksyon Seyè a avè ou,
mafi! Sa w'ap fè la a pi konsekan pase tou sa ou te fè pou
bèlmè ou la. Sa moutre ou pa soti pou ou lage fanmi an.
Ou ta gen dwa al dèyè nenpòt ki jenn gason, rich osinon
pòv, pou marye avè ou, men ou pa fè l'. 11 Ou pa bezwen
bat kò ou, tande. M'ap fè tou sa ou mande m' fè pou ou a.
Tout moun konnen ou se yon fanm total. 12 Se vre sa ou
di a. Mwen se yon fanmi pre nou. Mwen reskonsab ou.
Men, gen yon nonm ki fanmi ou pi pre pase m'. 13 Ou
mèt rete pase nwit lan la. Denmen maten m'a chache
konnen si li vle pran reskonsablite a sou do li. Si li dakò
pou li pran li, m'a byen kontan. Si li pa vle, enben, mwen
fè sèman devan Bondye vivan ki nan syèl la, m'ap pran
l' mwen menm. Koulye a, rete kouche la jouk denmen
maten. 14 Se konsa Rit kouche la nan pye l'. Men, anvan
bajou kase, li leve pou moun pa wè l', paske Bòz pa t' vle
pesonn konnen li te la. 15 Bòz di l' konsa: -Wete dra ki
vlope ou la, louvri l' atè a. Rit louvri dra a atè. Bòz vide dis
mamit lòj konsa ladan l'. Li mare l', epi li ede l' mete l' sou
tèt li. Apre sa, Rit tounen lavil ak pakèt la. 16 Lè li rive
lakay li, bèlmè a mande l': -Enben, mafi! Ki jan sa pase?
Rit tanmen rakonte l' tou sa Bòz fè pou li. 17 Epi li di: -
Anvan m' ale, li di m' konsa ou pa ka tounen san anyen.
Se konsa, li ban m' dis mamit lòj sa yo. 18 Naomi di l': -
Koulye a, Rit mafi, poze kò ou tann pou ou wè jan sa pral
pase. Bòz p'ap bay kò l' kanpo jòdi a, tout tan li pa regle
zafè sa a.

4 Bòz ale nan pòtay lavil la, kote moun yo konn reyini
an, epi li chita. Lè sa a, yon moun vin ap pase. Se
te nèg ki te fanmi Elimelèk pi pre pase l' la, nonm Bòz
t'ap pale Rit la. Bòz rele l', li di l': -Entèl, vini m' pale ou,
monchè! Chita non! Nonm lan al jwenn li, li chita. 2 Bòz fè
rele dis nan chèf fanmi lavil la, li fè yo chita la tou. Lè yo
fin chita, 3 li di nonm ki te fanmi pre Elimelèk la: -Naomi
tounen soti nan peyi Moab. Koulye a, li ta vle vann jaden
ki te pou Elimelèk, fanmi nou an. 4 Mwen kwè se devwa
m' pou m' fè ou konnen sa. Si ou vle achte tè a, ou mèt
di l' devan dis mesye chèf yo ki chita la a, paske se ou
menm an premye lalwa rekonèt dwa sa a. Konsa tou, si
ou pa vle, ou mèt di l', paske apre ou, se mwen menm
ki gen dwa sa a. Nonm lan di l': -M'ap achte l'. 5 Lè sa
a Bòz di l': -Bon. Mwen byen kontan. Men, si ou achte
jaden an nan men Naomi ak Rit, ti fanm peyi Moab la, vèv
pitit Elimelèk la, se pou Rit vin madanm ou tou pou non
fanmi defen an pa pèdi, epi pou tè a ka rete nan fanmi
defen an tou. 6 Lè sa a, nonm lan reponn: -Si se konsa,
mwen p'ap ka achte tè a. Paske, si m' achte l', pitit mwen
riske pèdi nan sa m'ap kite pou yo a. Ou mèt achte l' ou
menm. Mwen p'ap fè zafè a ankò. 7 Nan tan sa a, nan
peyi Izrayèl, lè yon moun pase dwa li genyen pou achte
osinon pou twoke yon tè bay yon lòt moun, men sa yo te
konn fè: Moun ki te gen dwa a wete yon grenn sapat nan
pye l', li bay lòt moun lan li. Se konsa moun Izrayèl yo
te konn fè tout moun konnen zafè a te regle nèt. 8 Se
poutèt sa, lè nonm lan di Bòz ou mèt achte tè a, li wete
yon grenn sapat nan pye l', li lonje l' bay Bòz. 9 Lè sa a,
Bòz di chèf fanmi yo ak lòt moun yo ki te la a: -Nou tout
nou temwen, pa vre! Jòdi a, yo ban m' dwa achte nan
men Naomi tou sa ki te pou Elimelèk ak de pitit gason l'
yo, Maklon ak Kiljon. 10 An menm tan tou, yo ban m' dwa
pran Rit, vèv Maklon an, pou madanm mwen. Konsa, tè a
va rete nan fanmi defen an: Non defen an p'ap pèdi non
plis nan lavil la. N'a sèvi m' temwen pou sa ki rive jòdi a.
11 Chèf yo ak lòt moun yo di l': -Wi, nou temwen. N'ap
lapriyè Seyè a pou madanm sa a, ki pral antre lakay ou

a, tankou Rachèl ak Leya ki te fè anpil pitit pou Jakòb,
zansèt pèp Izrayèl la. Se pou ou vin rich anpil nan branch
fanmi Efrat la. Se pou ou gen bon repitasyon nan lavil
Betleyèm. 12 Se pou pitit Seyè a va ba ou ak jenn fanm
sa a fè onè fanmi an, menm jan Perèz, pitit gason Jida
ak Tama a, te fè l' pou fanmi l'. 13 Se konsa, Bòz pran
Rit pou madanm li. Seyè a te beni Rit. Rit vin ansent, li
fè yon pitit gason. 14 Medam lavil yo di Naomi konsa: -
Lwanj pou Seyè a! Jòdi a li ba ou yon pitit gason ki pral
pran swen ou. N'ap lapriyè pou ti gason sa a kite non l'
nan peyi Izrayèl la. 15 Bèlfi ou la gen tan renmen ou.
Li fè pou ou sa sèt pitit gason pa ta ka fè. Koulye a, li
ba ou yon pitit pitit ki pral fè ou anvi viv ankò, yon pitit
gason ki pral tounen baton vyeyès ou. 16 Naomi pran ti
bebe a, li kenbe l' lakay li, li pran swen li tankou pitit li. 17
Medam yo ki rete nan vwazinaj la rele ti gason an Obèd.
Yo mache di tout moun: Naomi gen yon lòt pitit gason.
Se Obèd sa a ki pita vin gen yon pitit gason yo te rele
Izayi, Izayi sa a ki te papa David. 18 Men non zansèt
David yo depi Perèz: Perèz te papa Ezwon, 19 Ezwon te
papa Ram. Ram te papa Aminadad, 20 Aminadad te papa
Nachon. Nachon te papa Salmon, 21 Salmon te papa
Bòz. Bòz te papa Obèd, 22 Obèd te papa Izayi, epi Izayi
te papa David.

1 Samyèl

1 Te gen yon nonm, moun branch fanmi Efrayim, ki
te rele Elkana. Li te rete lavil Rama nan mòn peyi
Efrayim. Se te pitit Jewokam, pitit pitit Eliyou, nan fanmi
Tokou, nan branch fanmi Zouf la. **2** Elkana te gen de
madanm, yonn te rele Ana, lòt la te rele Penina. Penina
te fè pitit pou li. Men, Ana pa t' gen pitit. **3** Chak lanne,
Elkana soti lavil Rama, li moute lavil Silo pou l' al fè sèvis
pou Seyè ki gen tout pou vwa a, pou l' touye bèt pou li.
Se de pitit Eli yo, Ofni ak Fineas, ki te prèt Seyè a lavil
Silo. **4** Chak fwa Elkana te ofri bèt pou Seyè a, li te toujou
pran yon pòsyon pou Penina, yon pòsyon pou chak pitit fi
ak pitit gason li yo. **5** Men, li te bay Ana yon pòsyon doub,
paske li te renmen l' anpil, atout Seyè a pa t' ba li pitit. **6**
Penina menm te toujou ap giyonnen Ana pou fè l' wont,
paske Seyè a pa t' ba li pitit. **7** Sa kontinye konsa chak
lanne pandan lontan. Chak fwa yo te moute ale nan tanp
Seyè a, Penina gen pou anbete Ana jouk li fè l' fache. Lè
konsa, Ana menm rete ap kriye, li pa vle manje anyen.
8 Elkana, mari li, di l' konsa: -Aa, machè! Poukisa w'ap
plede kriye konsa? Poukisa ou pa manje? Poukisa ou
kagou konsa? Ou genyen m', se tankou si ou te genyen
depase dis pitit gason. **9** Yon lè yo te lavil Silo, apre yo te
fin manje, yo te fin bwè, Ana leve. Eli, prèt la, te chita
sou chèz li bò pòtay Tanp Seyè a. **10** Ana te gen anpil
lapenn. Li t'ap lapriyè nan pye Seyè a, dlo t'ap koule nan
je l'. **11** Li fè Seyè a yon pwomès, li di l' konsa: -Seyè, ou
menm ki gen tout pouvwa a, tanpri voye je ou sou sèvant
ou a non! Gade lapenn mwen! Si ou pa bliye m', si ou
ban m' yon pitit gason, m'ap mete l' apa pou li viv pou ou
ase. Li p'ap janm koupe cheve nan tèt li. **12** Pandan tout
tan Ana t'ap lapriyè konsa devan Seyè a, Eli t'ap gade
bouch li. **13** Men, Ana t'ap lapriyè nan kè l'. Se bouch li
ase ki t'ap bat, konsa moun pa t' ka tande sa l'ap di a. Lè
sa a, Eli te konprann se sou li te sou. **14** Li di l' konsa:
-Kilè w'a sispann bwè jouk pou ou sou konsa? Soti al
desoule ou yon lòt kote! **15** Ana reponn li: -Se pa sou
mwen sou non, mèt! Mwen pa goute ni diven ni ankenn
lòt bweson. Se nan gwo lapenn mwen ye. Se louvri m'ap
louvri kè m' bay Seyè a. Se rakonte m'ap rakonte Seyè a
lapenn mwen. **16** Tanpri, mèt! Pa pran m' pou yon fanm
lib! Kifè m'ap pale konsa, se paske mwen nan gwo tèt
chaje. Chagren ap touye m'. **17** Lè sa a, Eli reponn li: -Ale
ak kè poze. Mwen mande Bondye pèp Izrayèl la pou l' ba
ou sa ou mande l' la. **18** Ana reponn li: -M' espere ou p'ap
janm bliye m'! Epi li leve, l' al fè wout li. Li manje. Depi
lè sa a, li pa t' menm moun lan ankò. **19** Nan denmen
maten, Elkana leve byen bonè ak tout fanmi li, yo adore
Seyè a. Apre sa, yo tounen lakay yo lavil Rama. Elkama
kouche ak Ana, madanm li. Epi, Seyè a fè pou Ana sa li te
mande l' la. **20** Se konsa Ana vin ansent. Lè lè a rive pou
l' akouche, li fè yon pitit gason. Li rele l' Samyèl, paske
li te di: Mwen te mande Seyè a li. **21** Apre sa, Elkana
moute lavil Silo ansanm ak tout fanmi li yo pou yo te ka fè
ofrann yo gen pou yo fè chak lanne bay Seyè a, ansanm
ak ofrann espesyal yo te fè ve bay Seyè a. **22** Men Ana
pa t' ale. Li di mari l' konsa: -Fini m'a fin sevre pitit la, m'a
mennen l' nan Tanp Seyè a kote li pral rete pou tout tan.
23 Elkana, mari li, di l': -Fè sa ou wè ki pi bon an. Rete non
jouk w'a fin sevre l'. Tansèlman, se pou Seyè a fè sa li te
di a rive vre. Se konsa Ana rete pou l' pran swen ti bebe a
jouk li sevre l'. **24** Apre li fin sevre pitit la, li mennen l' lavil
Silo. Li te pran avè l' yon ti towo bèf twazan, yon barik
farin, yon sak an po bèt plen diven. Li mennen ti gason an
nan tanp Seyè a, lavil Silo, atout li te tou piti toujou. **25** Yo
touye ti towo a, epi yo mennen ti gason an bay Eli. **26**
Ana di l': -Eskize m' wi, mèt. Ou pa chonje ki moun mwen
ye? Menm jan ou vivan an, se mwen menm fanm ou te
wè ki te kanpe bò kote ou la yon jou ap lapriyè Seyè a. **27**
Mwen te mande l' pou l' te ban mwen pitit gason sa a. Li
ban mwen sa m' te mande l' la. **28** Se konsa m' vin mete l'
apa pou l' ka viv pou Seyè a ase jouk li mouri. Apre sa, yo
adore Seyè a la nan tanp lan.

2 Lè sa a, Ana lapriyè, li di: -Seyè a fè kè m' kontan
anpil! Seyè a remoute kouraj mwen. M'ap kenbe tèt ak
lènmi yo. Kè m' kontan paske Bondye delivre mwen. **2**
Pa gen Bondye tankou Seyè a. Non, pa gen tankou l'.
Pa gen moun ki ka pwoteje tankou Bondye nou an. **3**
Sispann pale avèk lògèy. Pa kite pawòl radiyès soti nan
bouch nou. Paske Seyè a se yon Bondye ki konnen tout
bagay. Li jije tou sa moun ap fè. **4** L'ap kraze zam ki nan
men vanyan sòlda yo. Men l'ap bay moun ki fèb yo fòs
kouraj. **5** Sa ki te konn manje vant deboutonnen yo al
vann jounen pou yo ka jwenn manje pou yo manje. Sa ki
t'ap mouri grangou yo pa grangou ankò. Fanm ki pa t' ka
fè pitit la fè pitit sèt fwa. Sa ki te gen anpil pitit la rete san
anyen. **6** Seyè a touye, lèfini li bay lavi ankò. Li fè moun
desann nan peyi kote mò yo ye a. Li mennen yo tounen
ankò. **(Sheol h7585)** **7** Li fè moun rich, li fè moun pòv. Li
desann moun jouk atè, lèfini li fè yo kanpe ankò. **8** Li
wete pòv yo nan lapenn yo, li bay endijan yo men pou yo
soti nan mizè yo. Li fè yo chita menm kote ak grannèg yo.
Li ba yo bèl pozisyon nan lasosyete. Fondasyon latè, se
nan men Seyè a sa ye. Se sou yo li bati tou sa ki la. **9**
L'ap pwoteje lavi moun k'ap sèvi l' ak tout kè yo. Men,
mechan yo pral mouri nan fènwa. Paske se pa fòs kouraj
yon nonm k'ap fè l' genyen. **10** Seyè a ap kraze tout lènmi
l' yo. L'ap rete nan syèl la, l'ap voye loraj tonbe sou yo.
Seyè a gen pou jije dènye moun ki sou latè. L'a bay wa li
a pouvwa, l'ap chita pouvwa moun li te chwazi pou wa a.
11 Apre sa, Elkana tounen lakay li lavil Rama, men yo kite
ti gason an lavil Silo pou l' te sèvi Seyè a sou zòd Eli,
prèt la. **12** Pitit gason Eli yo te yon bann vòryen. Pou yo,
Seyè a pa t' egziste, **13** ni yo pa t' aji jan prèt yo fèt pou
aji ak pèp la. Chak fwa yon nonm t'ap touye bèt pou ofri
bay Bondye, domestik prèt la vini avèk yon gwo fouchèt
twa dan nan men l'. Antan vyann lan ap kwit nan dife a,
14 li plonje fouchèt la nan kaswòl la, nan chodyè a, nan

mamit la osinon nan bonm lan. Tou sa fouchèt la te pran,
se te pou prèt la. Se konsa yo te fè sa lavil Silo ak tout
moun pèp Izrayèl la ki te vin fè ofrann yo la. 15 Sa ki pi
rèd ankò, anvan menm yo te wete grès pou boule yo,
domestik prèt la vini, epi li di nonm ki t'ap ofri bèt yo te
touye a konsa: -Ban m' moso vyann pou prèt la fè woti. Li
p'ap asepte ou ba li vyann bouyi. Li bezwen vyann fre.
16 Men, si nonm lan ta reponn li: Tann yo boule grès la
anvan, apre sa w'a pran sa ou vle, domestik prèt la ap
di l': -Non! Ban mwen l' koulye a. Si ou pa ban mwen li,
m'ap pran l' ak fòs pa m'. 17 Peche pitit gason Eli yo te
grav anpil anpil devan Seyè a, paske yo pa t' respekte
ofrann yo te fè pou Seyè a. 18 Ti Samyèl menm t'ap sèvi
Seyè a. Li te gen yon ti jile tankou prèt yo konn mete a.
19 Chak lanne manman l' te fè yon ti rad pou li, epi li te
pote l' ba li lè li moute ak mari l' pou touye bèt pou yo ofri
chak lanne a. 20 Se konsa, Eli te beni Elkana ansanm ak
madanm li. Li di Elkana: -M'ap lapriyè Seyè a pou l' ba ou
lòt pitit avèk madanm sa a pou ranplase pitit ou mete
apa pou Seyè a. Apre sa yo tounen lakay yo. 21 Seyè
a beni Ana ankò. Ana fè senk lòt pitit, de fi twa gason.
Ti Samyèl menm t'ap grandi nan kay Seyè a. 22 Eli te
fin granmoun. Li te tande moun ap di tou sa pitit gason
l' yo t'ap fè moun Izrayèl yo pase, jan yo te menm rive
kouche ak medam ki t'ap travay nan pòtay devan Kay
Randevou a. 23 Lè sa a, li di yo konsa: -Poukisa n'ap fè
bagay konsa? Mwen tande tout vye koze y'ap di sou nou
nan pèp la. 24 Sispann non, pitit mwen yo! Paske, sa
m' tande y'ap di sou nou yo se pa bèl bagay menm. 25
Si yon moun fè yon lòt yon bagay mal, Seyè a ka pran
defans li. Men lè se Bondye menm yon moun fè mal, ki
moun ki va pran defans li? Men, mesye yo pa t' vle koute
sa papa a t'ap di yo, paske Seyè a te fin pran desizyon l'
pou l' te touye yo. 26 Ti Samyèl menm t'ap grandi toujou.
Li t'ap aji yon jan ki te fè ni Bondye ni lèzòm plezi. 27 Yon
pwofèt Bondye vin jwenn Eli, li di l' konsa: -Men sa Seyè a
voye di ou: Lè zansèt ou yo, Arawon ak moun fanmi l'
yo, te esklav nan peyi Lejip ap sèvi farawon an, mwen
te fè yo konnen ki moun mwen ye. 28 Nan tout branch
fanmi pèp Izrayèl yo se fanmi pa li a mwen te chwazi pou
sèvi m' prèt devan lotèl mwen, pou yo boule lansan, pou
pote ti jile prèt yo devan m'. Epi mwen ba yo dwa pou yo
pran yon pòsyon nan tout bèt yo ofri pou boule pou mwen
sou lotèl la. 29 Pouki nou pa respekte bèt yo touye pou
mwen ak ofrann mwen te bay lòd pou pèp la fè nan Tanp
mwen an? Poukisa, ou menm Eli, ou gen pitit ou yo plis
krentif pase m', kifè ou kite yo ap gra ak pi bon pòsyon
nan tout ofrann moun pèp Izrayèl yo ap fè pou mwen? 30
Se poutèt sa, mwen menm Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la,
men sa m'ap di: Nan tan lontan, mwen te pwomèt mwen
t'ap kite fanmi ou ak moun branch fanmi ou yo sèvi m'
prèt pou tout tan. Men koulye a, mwen di: Mwen p'ap fè
sa ankò paske m'ap fè bèl bagay pou moun ki gen krentif
pou mwen. Men moun k'ap derespekte m' yo, m'ap fè yo
wont. Se mwen menm Seyè a ki di sa. 31 Gade! Koulye a
lè a pral rive, mwen pral touye tout jenn gason ki nan
fanmi ou ak nan tout branch fanmi zansèt ou a. Konsa
p'ap gen gason nan fanmi ou ki va rive granmoun. 32
Lespri ou pral boulvèse lè w'a wè tout bagay ap mache
byen pou pèp la, men pesonn nan fanmi ou p'ap janm viv
lontan jouk pou yo rive granmoun. 33 M'ap kite yonn nan
fanmi ou yo vivan pou li ka sèvi m' prèt. Men, l'ap pèdi de
grenn je l' yo, epi lapenn ap fini avè l'. Tout lòt fanmi ou yo
pral mouri tou jenn nan move kondisyon. 34 Lè w'a wè de
pitit gason ou yo, Ofni ak Fineas, tonbe mouri menm jou
a, w'a konnen sa m' te di a se vre. 35 Mwen pral chwazi
yon lòt prèt ki p'ap janm twonpe m'. L'a fè tou sa m'a vle l'
fè, tou sa mwen ta renmen wè l' fè. M'a ba li yon fanmi ki
p'ap janm disparèt, se yo ki va toujou sèvi wa mwen va
chwazi a. 36 Men, moun ki va rete vivan nan fanmi ou lan
va ale bò kote prèt sa a pou mande l' yon ti lajan ak yon ti
manje, l'a lapriyè nan pye prèt la pou prèt la kite l' ede lòt
prèt yo pou li ka jwenn kichòy pou l' manje.

3 Lè sa a, Samyèl te timoun toujou, li t'ap sèvi Seyè
a sou zòd Eli. Nan tan sa a se pa t' fasil pou Seyè
a te pale ak moun. Se bagay ki te ra anpil pou Seyè a
te fè moun wè l'. 2 Je Eli yo te fin bese, li pa t' ka wè
ladan yo ankò. Yon jou lannwit, Eli te kouche nan chanm li
ap dòmi. 3 Samyèl menm te kouche nan Tanp Seyè a,
nan pyès kote Bwat Kontra Bondye a te ye a. Lanp lan te
limen toujou. 4 Seyè a rele Samyèl. Samyèl reponn: -Men
mwen wi! 5 Epi li leve, l' al jwenn Eli, li di l': -Men mwen
wi! M' tande ou rele m'! Eli reponn li: -Mwen pa rele ou
non! Tounen nan kabann ou. Samyèl ale, li kouche. 6
Seyè a rele l' ankò. Samyèl leve, l' al jwenn Eli, li di l': -
Men mwen wi! Mwen tande ou rele m'! Men, Eli reponn li:
-Pitit mwen, mwen pa rele ou. Al kouche tande! 7 Samyèl
pa t' ankò konnen Seyè a paske Seyè a pa t' ankò janm
pale avè l' anvan sa. 8 Seyè a rele Samyèl yon twazyèm
fwa. Samyèl leve, l' al jwenn Eli, epi li di l': -Mwen tande
ou rele m'. Men mwen wi! Fwa sa a, Eli vin konprann se
Seyè a ki t'ap rele ti gason an. 9 Li di Samyèl konsa: -Al
kouche tande! Si ou tande yo rele ou ankò, w'a reponn:
Pale non, Seyè! Sèvitè ou la ap koute ou! Samyèl ale,
li kouche nan kabann li. 10 Seyè a vini, li kanpe, epi li
rele l' jan l' te fè l' anvan an: -Samyèl! Samyèl! Samyèl
reponn: -Pale non! Sèvitè ou la ap koute ou! 11 Seyè a di
l' konsa: -Mwen pral fè yon gwo bagay nan mitan pèp
Izrayèl la. Lè moun va tande sa, yo pral sezi. 12 Jou sa a,
tout malè mwen te di Eli ki pou te rive fanmi l' yo pral rive
vre san manke yonn. 13 Mwen te di l' mwen tapral pini
fanmi l' lan yon sèl kou pou m' fini ak yo poutèt pitit gason
l' yo. Li konnen yo t'ap fè sa ki mal, yo t'ap pale Bondye
mal, epi li pa di yo anyen. 14 Se poutèt sa mwen te fè
moun fanmi Eli yo konnen mwen sèmante pa gen ankenn
bèt yo ka touye ni ankenn ofrann ki ka fè m' padonnen
peche yo fè a. 15 Samyèl rete nan kabann li jouk denmen
maten. Li leve granmaten, li louvri tout pòt nan Tanp Seyè
a. Men, li te pè al rakonte Eli vizyon li te fè a. 16 Men Eli
rele l': -Samyèl, pitit mwen! Samyèl reponn li: -Men mwen

wi! 17 Eli mande l': -Kisa Seyè a di ou konsa? Tanpri pa
kache m' anyen. Se pou Bondye ba ou pi gwo pinisyon ki
genyen si ou kache m' anyen nan sa li di ou la. 18 Se
konsa Samyèl rapòte l' tout pawòl Seyè a san kache l'
anyen. Epi Eli di l': -Se Seyè a li ye, l'a fè tou sa li wè ki
bon. 19 Samyèl t'ap grandi, Seyè a te avèk li. Li te fè tout
pawòl ki te soti nan bouch Samyèl rive vre. 20 Konsa,
tout pèp Izrayèl la, depi moun ki te rete nan peyi Dann
lan jouk sa ki rete lavil Bècheba, te vin rekonèt Samyèl
tankou yon bon pwofèt k'ap pale pawòl Seyè a. 21 Seyè a
menm te toujou ap parèt lavil Silo, paske se la li te konn
fè Samyèl wè li, se la li te konn pale ak li.

4 Chak fwa Samyèl te pale tout pèp la te koute l'. Lè sa
a, pèp Izrayèl la soti pou y' al goumen ak moun Filisti
yo. Konsa, yo moute kan yo bò lavil Ebenezè. Moun Filisti
yo menm moute kan pa yo lavil Afèk. 2 Moun Filisti yo
pran pozisyon anfas moun Izrayèl yo pou yo goumen. Epi
batay la konmanse. Moun Filisti yo bat moun Izrayèl yo
byen bat, yo touye katmil (4000) moun konsa nan plenn
kote yo t'ap goumen an. 3 Lè sa a, sa ki te chape yo
tounen nan kan yo a, tout chèf ki te reskonsab pèp Izrayèl
la di: -Poukisa Seyè a kite moun Filisti yo bat nou konsa
jòdi a? Ann al pran Bwat Kontra Seyè a ki lavil Silo pou li
ka nan mitan nou. Konsa l'a delivre nou anba men lènmi
nou yo. 4 Se konsa yo voye kèk moun lavil Silo. Yo pran
Bwat Kontra Seyè ki gen tout pouvwa a, Seyè ki chita sou
fotèy li anwo zanj cheriben yo. Yo pote l' vini. Tout de pitit
Eli yo, Ofni ak Fineas, te la ansanm ak Bwat Kontra a. 5
Lè Bwat Kontra Seyè a rive nan kan an, tout moun Izrayèl
yo bay yon sèl gwo rèl, tè a tranble. 6 Moun Filisti yo
tande rèl la, yo di: -Pouki tout gwo rèl sa a nan kan moun
Izrayèl yo? Lè yo vin konnen se Bwat Kontra Seyè a ki te
rive nan kan an, 7 yo vin pè, yo t'ap di: -Bondye moun sa
yo rive nan kan yo a. Nou nan ka, devenn pa nou! Bagay
konsa pa janm rive nou anvan sa! 8 Ala devenn pou nou,
mezanmi! Ki moun ki ka delivre nou anba men bondye
sa yo ki plen pouvwa? Se bondye sa yo ki te voye tout
kalite malè sou moun Lejip yo nan dezè a. 9 Se pou nou
mete gason sou nou, nou menm moun Filisti, pou nou pa
tounen esklav ebre yo menm jan yo te esklav nou an. Se
pou n' goumen tankou vanyan gason! 10 Moun Filisti yo
goumen rèd mare, yo bat moun Izrayèl yo ki kouri chape
al lakay yo. Se te yon gwo kou pou pèp Izrayèl la. Te
gen trantmil (30000) sòlda apye ki te mouri nan lame pèp
Izrayèl la. 11 Moun Filisti yo te sezi Bwat Kontra Bondye a
epi tou de pitit Eli yo, Ofni ak Fineas, te mouri. 12 Yon
nonm nan branch fanmi Benjamen an te pran kouri depi
kote yo t'ap goumen an jouk lavil Silo. Li rive menm jou a.
Li te chire rad sou li, li te mete pousyè sou tèt li pou fè wè
jan li te nan lapenn. 13 Eli menm te chita sou chèz li a bò
wout la ap veye paske kè l' pa t' poze pou Bwat Kontra
Bondye a. Nonm lan lage nouvèl la nan tout lavil la. Tout
moun t'ap pouse rèl tèlman yo te pè. 14 Eli tande bri a, li
mande: -Pouki tout bri sa a? Nonm lan kouri pote nouvèl
la bay Eli. 15 Eli te gen katrevendizwitan sou tèt li, li pa t'
wè menm nan je l' ankò. 16 Nonm lan di Eli konsa: -Mwen
fèk soti kote yo t'ap goumen an, mwen chape kò m' nan
batay la vin isit la. Eli di l': -Ki jan sa pase, pitit mwen! 17
Mesaje a reponn, li di l' konsa: -Moun Izrayèl yo kouri pou
moun Filisti yo ki touye anpil moun nan pèp la. De pitit
gason ou yo, Ofni ak Fineas, mouri. Moun Filisti yo sezi
Bwat Kontra Bondye a. 18 Nonmen nonm lan nonmen
Bwat Kontra a, Eli sot tonbe sou chèz la, li blayi atè devan
pòtay la. Li te fin granmoun epi li te gwo anpil. Nwa kou l'
kase sèk, li mouri. Li te pase karantan ap gouvènen pèp
Izrayèl la. 19 Bèlfi Eli a, madanm Fineas, te ansent, li
t'ap tann jou pou l' akouche. Lè li tande yo te pran Bwat
Kontra Bondye a, epi bòpè l' ansanm ak mari l' te mouri,
lamenm tranche pran l', li akouche. 20 Men, medam ki te
la avè l' yo wè l'ap mouri, yo di l' konsa: -Pran kouraj,
machè! Ou fè yon pitit gason. Men li pa reponn anyen, li
pa okipe yo. 21 Li rele ti gason an Ikabòd, epi li di: -Pèp
Izrayèl la pèdi lasistans pouvwa Bondye a. Li t'ap di sa
akòz Bwat Kontra Bondye yo te sezi a. 22 Li t'ap di: -Wi,
avèk Bwat Kontra Bondye yo pran an, pèp Izrayèl la pèdi
lasistans pouvwa Bondye a.

5 Lè moun Filisti yo sezi Bwat Kontra Bondye a bò
lavil Ebenezè, yo pote l' ale lavil Asdòd. 2 Yo antre
avè l' nan tanp Dagon, bondye pa yo a. Yo mete l' sou
kote estati Dagon an. 3 Nan denmen maten byen bonè,
lè moun lavil Asdòd yo leve, yo wè estati Dagon an te
tonbe fas atè devan Bwat Kontra Bondye a. Yo pran estati
Dagon an, yo mete l' kanpe nan plas li ankò. 4 Nan
denmen ankò lè yo leve nan maten, yo wè estati Dagon
an te tonbe fas atè devan Bwat Kontra Seyè a. Tèt li ak
de bra l' yo te kraze, yo te sou papòt tanp lan. Se rès kò
a ase ki te rete. 5 Se poutèt sa, jouk koulye a, ni prèt
Dagon yo ni moun k'ap antre nan tanp Dagon an lavil
Asdòd, lè yo rive devan pòtay la, yo sote papòt la, yo pa
janm pile li. 6 Seyè a t'ap manyen ak pèp lavil Asdòd la, li
te mete yo vant ba. Li fè yon bann gwo bouton soti sou yo
ak sou moun ki t'ap viv nan vwazinaj lavil la. 7 Lè moun
lavil Asdòd yo wè sa ki te rive yo a, yo di: -Pa kite Bwat
Kontra Bondye pèp Izrayèl la nan mitan nou ankò! Se pa
ti kras kale l'ap kale Dagon, zidòl nou an, ansanm ak nou.
8 Se konsa yo voye chache senk chèf moun Filisti yo, epi
yo di yo: -Kisa pou nou fè ak Bwat Kontra Bondye pèp
Izrayèl la? Chèf yo reponn: -Pote l' ale lavil Gat. Se konsa
yo pote Bwat Kontra Bondye pèp Izrayèl la lavil Gat. 9
Men, lè Bwat Kontra a rive la, Seyè a manyen ak moun
lavil la. Li fè yon sèl kouri pete nan lavil la. Bondye pini
yo, li voye yon kalite gwo bouton ki leve sou tout kò moun
lavil la, timoun kou granmoun. 10 Se konsa yo voye Bwat
Kontra a lavil Ekwon. Rive li rive la, moun yo pran rele: -
Men yo pote Bwat Kontra Bondye pèp Izrayèl la lakay
nou. Se touye yo vle touye tout moun isit la! 11 Yo fè
chache senk chèf moun Filisti yo. Yo di yo: -Voye Bwat
Kontra Bondye pèp Izrayèl la tounen nan plas li, pou li pa
touye tout moun isit yo. Tout lavil la te tèt anba, moun t'ap
mouri paske Seyè a t'ap manyen rèd ak yo. 12 Sa ki pa t'

mouri yo te gen tout kò yo kouvri ak bouton. Tout moun
t'ap rele mande bondye pa yo sekou.

6 Bwat Kontra Seyè a te gen tan pase sèt mwa nan peyi
Filisti a. **2** Moun Filisti yo fè rele prèt yo ak divinò yo.
Yo mande yo: -Kisa pou n' fè ak Bwat Kontra Seyè a?
Ki jan pou n' fè pou n' voye l' tounen nan plas li? **3** Yo
reponn: -Si n'ap voye Bwat Kontra Bondye pèp Izrayèl la
tounen, nou pa ka voye l' konsa san anyen. Se pou nou
voye kichòy ki va sèvi pou peye pou sa nou fè a. Si nou
fè l' konsa, nou tout n'a geri, epi n'a konnen poukisa li
t'ap plede frape nou konsa. **4** Pèp la mande yo: -Ki kalite
bagay pou nou bay ki va sèvi pou peye pou sa nou fè a?
Yo di yo: -Senk bouton lò ak senk sourit an lò, yonn pou
chak chèf moun Filisti yo, paske se menm maladi a ki
te tonbe ni sou nou ni sou senk chèf nou yo. **5** N'a fè
bouton lò yo pou yo sanble ak bouton ki te leve sou nou
yo. Konsa tou, n'a fè senk sourit an lò pòtre ak sourit k'ap
plede ravaje peyi a. Epi n'a rekonèt Bondye pèp Izrayèl
la se yon Bondye ki gen pouvwa. Lè sa a, nou kwè l'a
sispann frape nou, nou menm, bondye nou yo ak peyi
nou an. **6** Poukisa pou n'ap fè tèt di tankou farawon an
ak moun peyi Lejip yo? Eske lè Bondye te konmanse
manyen ak yo, yo pa t' kite moun yo al fè wout yo? **7** Nou
pral pare yon kabwa tou nèf ak de manman bèf ki gen
pitit dèyè yo epi ki pa janm sèvi pou fè ankenn travay
anvan sa. N'a mare yo nan kabwa a, men n'a fè ti bèf
dèyè manman yo tounen lakay. **8** N'a pran Bwat Kontra
Seyè a, n'a mete l' sou kabwa a. N'a pran sa n'ap bay pou
sèvi pou peye pou sa nou fè a, n'a mete yo nan yon ti
bwat sou kote l'. N'a mete kabwa a sou wout la, n'a kite l'
ale pou kont li. **9** N'a rete ap gade l' ale. Si nou wè l' pran
chemen moute lavil Bèt-Chemèch, n'a konnen se Bondye
pèp Izrayèl la ki te voye tout malè sa yo sou nou. Men si li
pran yon lòt wout, lè sa a n'a konnen malè sa yo pa t' soti
nan li. Se te devenn pa nou. **10** Moun yo fè sa yo te di yo
fè a. Yo pran de manman bèf ki te gen pitit dèyè yo, yo
mare yo nan kabwa a, men yo kenbe ti bèf ki te dèyè
manman yo lakay. **11** Yo mete Bwat Kontra a sou kabwa
a ansanm ak ti bwat ki te gen ti sourit an lò yo ak pòtre
bouton yo. **12** Bèf yo pran wout lavil Bèt-Chemèch dirèk
dirèk. Y' al tou dwat devan yo. Sou tout wout la bèf yo t'ap
rele. Senk chèf moun Filisti yo t'ap mache dèyè yo jouk
yo rive sou baliz lavil Bèt-Chemèch. **13** Moun lavil Bèt-
Chemèch yo t'ap ranmase ble nan plenn lan. Lè yo leve
je yo, yo wè Bwat Kontra a, yo pran rele sitèlman yo te
kontan. **14** Kabwa a rive nan jaden Jozye a nan peyi Bèt-
Chemèch epi li rete. Te gen yon gwo wòch bò la. Moun yo
demoute kabwa a, yo fann tout bwa yo, yo touye bèf yo,
epi yo boule yo nèt pou Seyè a. **15** Apre sa, moun Levi yo
desann Bwat Kontra Seyè a ansanm ak ti bwat ki te gen
bagay an lò yo. Yo mete yo sou gwo wòch la. Jou sa a,
moun lavil Bèt-Chemèch yo ofri lòt bèt tou pou boule nèt
nan dife ansanm ak lòt ofrann pou Seyè a. **16** Lè senk
chèf moun Filisti yo wè sa, yo tounen lavil Ekwon menm
jou a. **17** Moun Filisti yo te voye senk bouton lò bay Seyè
a pou sa te sèvi pou peye pou sa yo te fè a: yonn pou
Asdòd, yonn pou Gaza, yonn pou Achkalon, yonn pou
Gat, yonn pou Ekwon. **18** Yo te voye senk ti sourit fèt an
lò tou, yonn pou chak lavil kote chèf moun Filisti yo t'ap
kòmande, kit se lavil ki gen ranpa, kit se lavil ki pa gen
ranpa. Gwo wòch kote yo te mete Bwat Kontra Seyè a
nan mitan jaden Jozye a, bò lavil Bèt-Chemèch la, kanpe
la jouk koulye a, tankou yon mak pou fè chonje sak te rive
lè sa a. **19** Apre sa, Seyè a te touye kèk moun nan moun
lavil Bèt-Chemèch yo paske yo t' al voye je yo wè sa ki
anndan Bwat Kontra a. Li touye swasanndis ladan yo.
Pèp la te nan gwo lapenn, paske Seyè a te fè gwo malè
sa a sou yo. **20** Lè sa a, moun lavil Bèt-Chemèch yo di: -
Ki moun ki ka kanpe devan Seyè a, Bondye sa a ki yon
Bondye apa? Ki bò pou n' voye Bwat Kontra a ale pou l'
pa rete lakay nou? **21** Yo pran kèk mesaje, yo voye yo ale
bò kote moun lavil Kiriyat-Jearim, yo di yo konsa: -Moun
Filisti yo voye Bwat Kontra Seyè a tounen. Vin pran l'
mennen lakay nou.

7 Se konsa moun lavil Kiriyat Jearim yo vin pran Bwat
Kontra Seyè a. Yo mete l' lakay Abinadad, sou tèt
yon ti mòn. Yo chwazi Eleaza, pitit gason Abinadad la,
pou okipe Bwat Kontra Seyè a. **2** Bwat Kontra Seyè a te
rete yon bon tan lavil Kiriyat-Jearim. Li te pase ventan la.
Pandan tout tan sa a, tout moun pèp Izrayèl yo t'ap rele
nan pye Seyè a pou mande l' sekou. **3** Samyèl pale ak
tout pèp la, li di yo konsa: -Si nou tounen vin jwenn Seyè
a ak tout kè nou vre, se pou nou wete tout bondye moun
lòt nasyon yo ak tout pòtre metrès Astate yo nan mitan
nou. Viv pou Seyè a sèlman, se li menm ase pou nou
sèvi. Lè sa a l'a delivre nou anba men moun Filisti yo. **4**
Se konsa moun pèp Izrayèl yo wete tout estati bondye
Baal ak metrès Astate yo nan mitan yo. Yo pran sèvi Seyè
a sèlman. **5** Apre sa, Samyèl di yo: -Sanble tout pèp
Izrayèl la lavil Mispa, m'a lapriyè Seyè a la pou nou. **6** Se
konsa yo tout sanble lavil Mispa. Yo tire dlo, yo vide l'
atè tankou yon ofrann pou Seyè a. Jou sa a, yo rete san
manje. Epi yo di: -Nou peche kont Seyè a! Samyèl te
rete lavil Mispa, se la li te konn regle tout bagay pou pèp
Izrayèl la. **7** Lè moun Filisti yo vin konnen pèp Izrayèl la
te sanble lavil Mispa, senk chèf moun Filisti yo moute
al atake yo. Moun pèp Izrayèl yo tande sa, yo te pè. **8**
Epi yo di Samyèl: -Pa sispann lapriyè Seyè a pou nou,
pou l' ka sove nou anba men moun Filisti yo. **9** Samyèl
pran yon ti mouton dèyè manman, li boule l' nèt, li ofri
l' bay Seyè a. Lèfini, Samyèl lapriyè Seyè a pou l' vin
ede pèp Izrayèl la. Seyè a reponn lapriyè a. **10** Pandan
Samyèl t'ap boule ofrann lan, moun Filisti yo mache sou
pèp Izrayèl la vin atake yo. Men lè sa a, Seyè a voye yon
kout loraj sou moun Filisti yo. Moun Filisti yo pèdi tèt yo,
yo pran kouri met deyò devan pèp Izrayèl la. **11** Moun
Izrayèl yo soti lavil Mispa, yo pran kouri dèyè moun Filisti
yo jouk rive toupre lavil Bètka. Sou tout wout la yo bat yo
byen bat. **12** Lè sa a, Samyèl pran yon wòch, li mete l' ant

lavil Mispa ak lavil Chenn. Li rele wòch la Ebenezè, paske
li t'ap di: Jouk jòdi a se Seyè a ki pote nou sekou. 13 Se
konsa moun Filisti yo te pèdi batay la nèt. Yo pa janm
rekonmanse anvayi teritwa moun Izrayèl yo ankò. Seyè a
te kenbe yo anba men l' pandan tout tan Samyèl te vivan.
14 Tout lavil moun Filisti yo te pran, depi lavil Ekwon jouk
lavil Gat, tout te tounen nan men moun Izrayèl yo ankò.
Se konsa pèp Izrayèl la te mete moun Filisti yo deyò sou
tout teritwa ki te pou yo. Epitou pa t' gen lagè menm ant
moun Izrayèl yo ak moun Amori yo. 15 Samyèl gouvènen
pèp Izrayèl la jouk li mouri. 16 Chak lanne li te fè vizit nan
tout peyi a, li pase lavil Betèl, lavil Gilgal ak lavil Mispa.
Nan tout lavil yo, li te konn regle tout kont moun yo te gen
yonn ak lòt. 17 Apre sa, li tounen lakay li lavil Rama kote
li te konn regle zafè pou pèp Izrayèl la tou. Li te bati yon
lotèl pou Seyè a lavil Rama.

8 Lè Samyèl konmanse granmoun, li mete pitit gason
l' yo pou gouvènen pèp Izrayèl la. 2 Pi gran an te
rele Joèl, piti a te rele Abija. Se lavil Bècheba yo t'ap
gouvènen. 3 Men yo pa t' swiv egzanp papa yo. Yon
sèl bagay ki te enterese yo se te fè lajan. Yo te konn
pran lajan sou kote nan men moun pou regle zafè pou
yo. Yo t'ap fè patipri. 4 Lè sa a, tout chèf fanmi ki te
reskonsab pèp Izrayèl la sanble, y' al jwenn Samyèl lavil
Rama. 5 Epi yo di l': -Gade! Ou fin granmoun. Pitit ou yo
pa swiv egzanp ou te ba yo. Koulye a, chwazi yon wa pou
gouvènen nou, jan sa fèt nan tout lòt peyi yo. 6 Pawòl sa
yo pa t' fè Samyèl plezi paske yo t'ap mande pou li ba yo
yon wa pou gouvènen yo. Samyèl lapriyè Seyè a. 7 Seyè
a di Samyèl ankò: -Ou mèt koute tou sa pèp la di ou.
Paske se pa ou menm y'ap voye jete, se mwen menm
menm y'ap voye jete. Yo pa vle m' pou wa yo ankò. 8
Depi lè mwen te fè yo soti kite peyi Lejip la, se sa ase
y'ap fè m'. Y'ap vire do ban mwen, y'ap sèvi lòt bondye.
Se menm bagay la y'ap fè ou jòdi a tou. 9 Se poutèt sa,
koute sa y'ap di ou. Tansèlman, avèti yo pou mwen. Tou
fè yo konnen ki jan yon wa pral boule ak yo. 10 Samyèl
rapòte bay pèp la ki t'ap mande yon wa a tout pawòl Seyè
a te di l'. 11 Li di yo: -Men ki jan wa a pral boule ak nou: Li
pral pran pitit gason nou yo pou fè yo sèvi nan lame li a.
Genyen ki pral aprann moute cha, gen lòt ki pral aprann
moute chwal pou fè lagè. Genyen ki pral sèvi gad kò li pou
kouri devan pwòp cha pa li. 12 L'ap pran ladan yo pou
mete chèf sou mil (1000) sòlda ak chèf sou senkant sòlda.
Se yo ki pral pare tè nan jaden wa a pou li, se yo ki pral
ranmase rekòt li yo pou li. Se yo ki pral fè zam pou li ak lòt
lekipay l'ap bezwen pou cha lagè l' yo. 13 L'ap pran pitit fi
nou yo pou fè odè, pou fè manje ak pou fè pen pou li. 14
L'ap pran pi bon jaden nou yo, pi bon jaden rezen nou yo,
pi bon jaden oliv nou yo, l'a bay moun k'ap sèvi l' yo. 15
L'ap pran yon dizyèm sou tout rekòt danre nou yo ak sou
tout rekòt pye rezen nou yo pou l' bay moun konfyans li
yo ak lòt moun k'ap sèvi anndan lakay li. 16 L'ap pran pi
bon domestik nou yo ak pi bon sèvant nou yo, pi bon bèf
nou yo ak pi bon bourik nou yo pou fè yo travay pou li. 17
L'ap pran yon mouton pou chak dis mouton n'a genyen.
Lèfini, l'ap fè nou tounen esklav li. 18 Jou sa a, n'a rele
anmwe pou wa nou an, wa nou menm n' ava chwazi a.
Men lè sa a, Seyè a p'ap okipe nou. 19 Pèp la te derefize
koute Samyèl. Yo t'ap di: -Non! Se yon wa nou vle pou
gouvènen nou, 20 pou nou kapab menm jan ak tout lòt
nasyon yo. Wa nou an va gouvènen nou, l'a mache alatèt
lame nou lè nou pral nan lagè, l'a mennen batay nou pou
nou. 21 Samyèl tande tou sa pèp la t'ap di. L' ale rapòte
yo bay Seyè a. 22 Lè sa a, Seyè a reponn li: -Ou mèt fè
sa yo di a. Ba yo yon wa pou gouvènen yo. Epi Samyèl di
moun pèp Izrayèl yo: -Tout moun mèt tounen lakay yo.

9 Te gen yon nonm nan branch fanmi Benjamen an yo
te rele Kich. Se te pitit Abiyèl, pitit pitit Zewò ki te pitit
Bekora, pitit pitit Afya. Kich te yon grannèg. 2 Li te gen
yon pitit gason ki te rele Sayil, yon bèl gason byen kanpe.
pa t' gen moun nan pèp Izrayèl la ki te pi bèl pase l'. Li te
pi wo pase yo tout. 3 Kich te gen kèk manman bourik ki te
pèdi. Li di Sayil konsa: -Pran yonn nan domestik yo avè
ou, al bouske manman bourik yo pou mwen. 4 Yo mache
nan tout mòn Efrayim yo ak nan tout peyi Chalicha a, men
yo pa jwenn bourik yo. Y' ale nan tout peyi Chaalim lan,
yo pa jwenn yo. Y' ale nan tout peyi Benjamen an, yo pa
jwenn yo. 5 Lè yo rive nan peyi Souf, Sayil di domestik
ki te avè l' la: -Ann tounen lakay pou papa m' pa gen
tèt chaje pou nou jouk pou l' ta rive bliye bourik li yo. 6
Domestik la reponn li: -Gen yon bon sèvitè Bondye nan
lavil sa a. Se yon nonm tout moun respekte paske tou sa
li di rive vre. Ann al jwenn li. Ou pa janm konnen, li ka di
nou kote pou n' ale pou n' jwenn bourik yo. 7 Sayil di
domestik la: -Dakò! Nou pral jwenn li. Men, kisa pou nou
pote ba li? Nou pa gen pen ankò nan ralfò nou. Nou pa
gen anyen pou n' fè sèvitè Bondye a kado. 8 Domestik la
reponn li: -Mwen gen yon ti pyès ajan sou mwen, m'a ba
li l'. L'a di nou kote n'a jwenn yo. 9 Nan tan lontan, lè
yon moun te bezwen mande Bondye kichòy, li te konn
di: Ann al kay divinò a, paske lè sa a se konsa yo te
konn rele pwofèt Bondye yo. 10 Sayil di domestik li a: -Sa
ou di a bon wi! Ann ale! Se konsa y' ale nan lavil kote
sèvitè Bondye a te ye. 11 Pandan yo t'ap moute ti pant ki
mennen lavil la, yo kontre ak kèk jenn fi ki t'ap soti lavil la
pou y' al nan dlo. Yo mande medam yo: -Eske divinò a la
nan lavil la? 12 Jenn fi yo reponn: -Li la wi. Gade, men li
la devan ou lan. Fè vit, li fenk rive lavil la, paske jòdi a se
jou pou moun yo al touye bèt pou Bondye sou lotèl ki sou
ti mòn lan. 13 Rive n'a rive lavil la, n'a jwenn li anvan l'
al manje sou ti mòn lan. Pèp la p'ap manje toutotan li
pa rive, paske se li ki pou beni ofrann bèt la anvan. Lè
li fini, moun yo envite yo va manje. Prese ale koulye a
pou nou ka jwenn li. 14 Se konsa yo moute ale lavil la.
Antan yo t'ap antre lavil la, yo wè Samyèl ki t'ap vin devan
yo, sou wout pou l' al sou mòn lan. 15 Men, lavèy jou
Sayil rive lavil la, Seyè a te fè Samyèl yon revelasyon. Li

te di l' konsa: 16 -Denmen, vè lè konsa, m'ap voye yon
moun ki soti nan peyi Benjamen an bò kote ou. W'a vide
lwil sou tèt li, w'a mete l' apa pou l' chèf pèp mwen an,
chèf pèp Izrayèl la. Se li ki va delivre pèp mwen an anba
men moun Filisti yo. Mwen wè jan pèp la ap soufri, mwen
tande jan y'ap rele mande sekou. 17 Lè Samyèl wè Sayil,
Seyè a di l' konsa: -Men nonm mwen t'ap pale ou la. Se
li ki pral gouvènen pèp mwen an. 18 Sayil mache sou
Samyèl ki te toupre pòtay la. Li mande l': -Tanpri, moutre
m' kay divinò a. 19 Samyèl reponn li: -Se mwen menm
divinò a! Pran devan m', moute sou mòn lan. W'a manje
avè m' jòdi a. Denmen maten, m'a reponn tout keksyon
ou gen sou kè ou. Apre sa, m'a kite ou al fè wout ou.
20 Kanta manman bourik ou te pèdi depi twa jou yo, ou
pa bezwen bat kò ou, paske yo jwenn yo deja. Men, ki
moun pèp Izrayèl la ap chache li menm? Se pa ou menm
ak tout fanmi papa ou yo? 21 Sayil reponn li: -Mwen se
moun branch fanmi Benjamen an, yonn nan pi piti branch
fanmi nan pèp Izrayèl la. Lèfini, fanmi pa m' lan, se li ki pi
piti nan tout fanmi Benjamen yo. Poukisa w'ap di m' tout
bagay sa yo? 22 Samyèl pran Sayil ansanm ak domestik
li a, li fè yo antre nan gwo pyès kay la, li fè yo chita nan
premye plas bò tab la ansanm ak tout envite yo. Te gen
trant gason konsa yo te envite. 23 Epi Samyèl di chèf
kizin lan: -Pote moso vyann mwen te ba ou mete apa pou
mwen an. 24 Chèf kizin lan pran jigo a avèk tout vyann ki
te avè l' la, li mete l' devan Sayil. Samyèl di li: -Gade,
men moso yo te sere pou ou a. Manje l', paske se pou
ou mwen te fè mete l' apa lè mwen t'ap envite pèp la.
Se konsa Sayil manje ansanm ak Samyèl jou sa a. 25
Apre sa, yo desann soti sou mòn lan, y' al lavil la. Yo
ranje yon kabann pou Sayil sou teras ki anwo kay la. 26
Nan denmen yo leve byen bonè. Lè bajou kase, Samyèl
rele Sayil sou teras la: -Leve non. Mwen pral voye ou
ale lakay ou. Sayil leve, epi yo tou de yo soti nan lari a
ansanm. 27 Lè yo rive sou limit lavil la, Samyèl di Sayil
konsa: -Di domestik ou a pran devan nou. Domestik la
pran devan, epi Samyèl di Sayil ankò: -Ou menm, rete la
yon ti moman pou m' ka fè ou konnen sa Seyè a di.

10 Samyèl pran yon ti poban lwil oliv, li vide l' sou tèt
Sayil. Apre sa, li bo l', epi li di l': -Seyè a ba ou
pouvwa pou gouvènen pèp Izrayèl la ki rele l' pa l'. W'a
gouvènen pèp li a, w'a delivre yo anba men tout lènmi ki
bò kote l' yo. Men sa k'ap fè ou wè se Seyè a menm ki
mete ou apa pou gouvènen pèp ki pou li a. 2 Lè w'a kite
m' jòdi a, w'a jwenn de mesye toupre tonm Rachèl la lavil
Sèlza, nan lizyè peyi moun Benjamen yo. Y'a di ou bourik
ou t'ap bouske yo, yo jwenn yo. Men, koulye a papa ou
bliye bourik li yo, se pou ou li gen tèt chaje. L'ap mande:
Kisa mwen pral fè pou pitit gason m' lan? 3 Lèfini, w'a
mache pi devan jouk w'a rive bò pye bwadchenn Tabò
a. Lè w'a rive la, w'a kontre ak twa nèg k'ap moute lavil
Betèl pou y' al ofri bèt pou touye pou Bondye. Yonn ap
mennen twa jenn ti kabrit, dezyèm lan va gen twa pen
nan men l', twazyèm lan va gen yon veso fèt an po bèt
plen diven. 4 Y'a di ou bonjou, y'a ba ou de nan pen yo.
W'a pran yo nan men yo. 5 Apre sa, w'a moute sou ti
mòn Bondye yo rele Gibeya a, kote yon lame moun Filisti
moute ganizon yo. Lè w'ap antre nan lavil la, w'a kontre
ak yon gwoup pwofèt k'ap desann soti bò lotèl ki sou ti
mòn lan. Y'ap jwe gita, y'ap bat tanbou, y'ap jwe fif ak
bandjo, y'ap danse, y'ap bay mesaj ki sot nan Bondye. 6
Lespri Bondye a va desann sou ou, w'a pran danse, w'ap
bay mesaj ki soti nan Bondye tankou yo. Ou p'ap menm
moun lan ankò. 7 Lè bagay sa yo va rive, w'a fè tou sa ki
vin pou fèt paske se Bondye k'ap avè ou. 8 Apre sa, w'a
pran devan m', w'a desann lavil Gilgal kote m'a vin jwenn
ou pita pou m' ofri bèt pou boule nèt pou Seyè a ansanm
ak ofrann pou di Bondye mèsi. Lèfini, w'a tann sèt jou
anvan m'a vin jwenn ou ankò pou m' di ou sa pou ou fè. 9
Vire Sayil vire pou l' kite Samyèl, Bondye fè Sayil tounen
yon lòt moun nèt. Jou sa a tout pawòl Samyèl te di l' yo
rive vre. 10 Lè Sayil rive lavil Gibeya ak domestik li a, yon
bann pwofèt vin kontre avè l'. Lespri Bondye a desann
sou li epi li pran danse, li pran bay mesaj tankou yo. 11
Tout moun ki te konnen l' anvan sa wè li t'ap danse, li t'ap
bay mesaj ansanm ak pwofèt yo. Yonn t'ap di lòt: -Sa ki
rive pitit gason Kich la? Sayil gen lè pwofèt tou? 12 Yon
moun lavil Gibeya ki te la mande: -Lòt mesye pwofèt yo,
ki moun ki papa yo? Se konsa moun te konmanse ap di:
Gen lè menm Sayil pwofèt tou? 13 Lè Sayil fin danse, lè li
te fin bay mesaj, li moute sou ti mòn lan bò lotèl la. 14
Tonton Sayil la mande l' ansanm ak domestik li a: -Kote
nou te ye konsa? Sayil reponn tonton l' lan: -Mwen t' al
chache bourik yo. Lè nou pa jwenn yo, n' al kote Samyèl.
15 Tonton Sayil la mande l': -Rakonte m' sa li di ou. 16
Sayil reponn li: -Li di m' yo jwenn bourik yo deja. Men,
li pa di tonton l' sa Samyèl te di l' sou koze wa a. 17
Samyèl reyini pèp Izrayèl la pou fè yon gwo sèvis pou
Bondye lavil Mispa. 18 Li di yo: -Men sa Seyè a, Bondye
pèp Izrayèl la di: Se mwen menm ki te fè nou soti kite
peyi Lejip la. Se mwen menm ki te delivre nou anba men
moun Lejip yo, anba men moun lòt nasyon ki t'ap peze
nou yo. 19 Se mwen menm Bondye nou an ki te pwoteje
nou nan tout move pa, nan tout kè sere, epi koulye a n'ap
voye m' jete, n'ap di m' se yon wa pou m' mete gouvènen
nou! Enben, nou tout, vini non devan Seyè a. Sanble tout
moun, branch fanmi pa branch fanmi, fanmi pa fanmi. Fè
yo parèt devan li. 20 Lè sa a, Samyèl fè tout pèp Izrayèl
la pwoche branch fanmi pa branch fanmi. Seyè a chwazi
branch fanmi Benjamen an. 21 Apre sa, Samyèl fè tout
fanmi branch Benjamen yo pwoche yonn apre lòt. Seyè a
chwazi fanmi Matri a. Lè sa a, li fè tout gason nan fanmi
Matri a parèt devan Seyè a, Bondye chwazi Sayil, pitit
gason Kich la. Yo chache l', men yo pa t' ka jwenn li. 22 Y'
al mande Seyè a si pa gen lòt moun ankò. Seyè a reponn:
-Men Sayil kache dèyè pwovizyon yo! 23 Se konsa yo
kouri al wete l' la, yo mennen l', yo fè l' kanpe nan mitan
pèp la. Li te pi wo pase yo tout. 24 Samyèl di pèp la: -
Men moun Seyè a chwazi a. Pa gen tankou l' nan mitan

pèp la. Tout pèp la pran rele: -Viv wa Sayil! **25** Apre sa,
Samyèl esplike pèp la ki jan pou wa a boule ak yo. Lèfini,
li ekri tou sa li te di yo nan yon liv li mete devan lotèl Seyè
a. Apre sa, Samyèl voye tout moun lakay yo. **26** Sayil tou
al lakay li lavil Gibeya. Bondye te pale nan kè kèk vanyan
gason. Yo menm tou, y' ale ansanm ak Sayil. **27** Men te
gen kèk vòryen ki t'ap di: -Ki jan jenn gason sa a ka rive
delivre nou? Yo pa okipe Sayil menm, yo pa fè l' kado
anyen. Sayil menm fè tankou li pa konprann.

11 Yon mwa konsa apre bagay sa yo fin pase, Nakach,
moun peyi Amon, moute al atake lavil Jabès nan
peyi Galarad. Li sènen lavil la. Mesye lavil Jabès yo di
Nakach konsa: -Ann siyen yon kontra. N'ap asepte ou pou
chèf. **2** Men, Nakach reponn yo: -M'ap siyen kontra a
avèk nou, men sou yon sèl kondisyon: m'ap pete je dwat
nou tout. Konsa, m'a fè tout pèp Izrayèl la wont. **3** Chèf
lavil Jabès la di li: -Ban nou sèt jou pou nou voye mesaje
bay tout pèp la nan tout peyi Izrayèl la. Si pa gen pesonn
pou sove nou, lè sa a n'a rann tèt nou ba ou. **4** Mesaje yo
rive lavil Gibeya kote Sayil te rete a. Lè yo bay pèp la
mesaj la, tout moun pete rele byen fò. **5** Sayil t'ap antre
sot nan jaden ak bèf li yo. Li mande sa ki genyen, pouki
tout moun t'ap rele konsa. Yo di l' sa moun lavil Jabès
yo te vin di yo. **6** Tande li tande koze a, lespri Bondye
desann sou li, epi li fè gwo kòlè. **7** Li pran de bèf, li koupe
yo an moso, epi li voye mesaje pote moso vyann bèf yo
nan tout peyi Izrayèl la avèk mesaj sa a: -Tout moun ki va
derefize mache dèyè Sayil ak Samyèl nan batay la, n'ap
koupe bèf yo an moso tankou bèf sa a. Seyè a voye yon
sèl lapè sou pèp la. Yo tout leve avèk menm lide nan tèt
yo, yo vin jwenn Sayil. **8** Sayil sanble yo bò lavil Bezèk
pou l' pase yo enspeksyon: Te gen twasan mil (300.000)
sòlda ki te moun pèp Izrayèl ak trantmil (30.000) ki te
moun fanmi Jida. **9** Yo rele mesaje ki te soti lavil Jabès
yo, yo di yo: -Men sa n'a di moun lavil Jabès yo nan peyi
Galarad: Denmen, vè midi, n'a vin delivre nou. Lè moun
lavil Jabès yo resevwa mesaj la yo te kontan anpil. **10** Yo
voye di Nakach: -Denmen n'ap rann tèt nou ba ou. Lè sa
a, w'a fè sa ou vle avèk nou. **11** Nan denmen maten Sayil
pran sòlda yo, li fè twa gwoup. Epi anvan solèy leve, yo
kouri antre nan kan moun Amon yo, yo atake yo, yo bat
yo. Li te midi yo t'ap touye moun toujou. Sa ki pa t' mouri
yo kouri chape kò yo grenn pa grenn. **12** Lè sa a, pèp
Izrayèl la di Samyèl konsa: -Kote moun ki t'ap di Sayil pa
ka wa nou? Lage yo nan men nou pou nou touye yo. **13**
Men, Sayil di yo konsa: -Nou p'ap touye pesonn jòdi a.
Paske jòdi a se jou Seyè a delivre pèp Izrayèl la. **14** Epi
Samyèl di yo: -Leve non. Ann al lavil Gilgal. Lè n'a rive la,
n'a fè seremoni pou renmèt li pouvwa a. **15** Se konsa tout
moun moute lavil Gilgal. Yo fè Sayil wa devan lotèl Seyè
a. Yo touye bèt yo te ofri pou di Bondye mèsi. Sayil fè
gwo fèt ansanm ak tout moun pèp Izrayèl yo lavil Gilgal.

12 Samyèl di moun pèp Izrayèl yo: -Nou wè mwen fè
tou sa nou te mande m' fè. Mwen ban nou yon wa
pou gouvènen nou. **2** Koulye a nou gen yon wa alatèt
nou. Mwen menm, poutèt pa m', mwen fin granmoun,
cheve m' fin blan, se pitit gason m' yo ki la avèk nou.
Depi mwen jenn gason rive jòdi a m'ap mache alatèt nou.
3 Koulye a, men mwen! Se pou nou di m' devan Seyè
a, devan wa li chwazi a, sa mwen janm fè nou. Eske
mwen janm pran bèf osinon bourik yonn nan nou? Eske
mwen janm pwofite sou pesonn? Eske mwen janm aji
mal ak pesonn? Eske mwen janm pran lajan nan men
pesonn pou m' kache anyen pou li? Si mwen janm fè
bagay konsa, m'ap renmèt sa m' te pran an. **4** Pèp la
reponn: -Ou pa janm aji mal ak nou. Ou pa janm pwofite
sou nou ni ou pa janm pran lajan nan men pesonn. **5**
Samyèl di yo: -Jòdi a, Seyè a ansanm ak wa li chwazi
a temwen nou pa jwenn anyen pou nou repwoche m'.
Pèp la reponn: -Seyè a temwen! **6** Samyèl di yo: -Seyè a
temwen sa nou di a, li menm ki te voye Moyiz ak Arawon
pou fè zansèt nou yo soti kite peyi Lejip la. **7** Koulye a,
nou menm, vin kanpe la devan lotèl Seyè a pou m' akize
nou. Pou konmanse, m'ap fè nou chonje tout bèl bagay
Seyè a te fè pou nou ak pou zansèt nou yo. **8** Jakòb te
desann nan peyi Lejip ansanm ak tout fanmi li. Lè moun
peyi Lejip yo pran maltrete zansèt nou yo, zansèt nou yo
rele mande Seyè a sekou. Lè sa a, Seyè a voye Moyiz ak
Arawon ki fè yo soti kite peyi Lejip la epi ki mennen yo vin
rete isit la. **9** Men yo bliye Seyè a, Bondye yo a. Lè sa a,
Bondye lage yo nan men Sisera, chèf lame lavil Azò a,
nan men moun Filisti yo ak nan men wa peyi Moab ki
leve fè lagè ak yo. **10** Yo rele mande Seyè a sekou, yo di
konsa: Nou te fè sa ki mal, paske nou te vire do bay Seyè
a, n' al sèvi yon bann zidòl yo rele Baal ak Astate. Koulye
a, tanpri, delivre nou anba men lènmi nou yo, n'a sèvi
ou. **11** Lè sa a, Seyè a voye Jewoubaal, Abdon, Jefte ak
mwen menm, Samyèl, li delivre nou anba men lènmi nou
yo ki te tout bò kote nou yo, li fè nou viv ak kè poze. **12**
Epi lè nou wè Nakach, wa moun peyi Amon yo, te pare
pou l' atake nou, atout nou te konnen se Seyè a, Bondye
nou an, ki wa nou, nou di m': Non! nou pa vle sa ankò. Se
yon wa nou vle pou gouvènen nou. **13** Koulye a, men wa
nou te chwazi a. Nou te mande yon wa, Seyè a ban nou
li. **14** Tansèlman, Seyè a, Bondye nou an, va kanpe avèk
nou si nou gen krentif pou li, si nou sèvi l', si nou koute sa
li di nou, si nou fè tou sa li mande nou fè, si nou menm
ansanm ak wa k'ap gouvènen nou an nou fè volonte li
nan tou sa n'ap fè. **15** Men, si nou pa koute sa Seyè a di
nou, si nou pa fè tou sa li mande nou fè, l'ap leve dèyè
nou ansanm ak tout wa nou an. **16** Bon, koulye a, rete
kanpe kote nou ye a, nou pral wè bèl bagay Seyè a pral
fè devan je nou. **17** Nou pa nan sezon lapli, pa vre? Nou
nan sezon chechrès, sezon pou ranmase ble nan jaden
nou? Bon! Mwen pral lapriyè Seyè a, li pral voye loraj
ak lapli. Lè sa a, n'a konnen, n'a wè ki kalite gwo peche
nou te fè devan Seyè a, lè nou te mande yon wa pou
gouvènen nou. **18** Samyèl lapriyè Seyè a. Jou sa a, Seyè
a voye loraj ak lapli. Tout pèp la pran tranble, yo te vin pè

Seyè a ansanm ak Samyèl. **19** Yo tout di Samyèl konsa: -
Tanpri, mèt, lapriyè Seyè a, Bondye ou la, pou nou pa
mouri. Paske nou mete sou peche nou te fè deja yo, lè
nou te mande yon wa pou gouvènen nou. **20** Samyèl di
pèp la konsa: -Nou pa bezwen pè! Malgre nou fè bagay
mal sa a, pa vire do bay Seyè a. Sèvi l' ak tout kè nou. **21**
Pa vire do ba li pou n' al sèvi sa ki pa Bondye. Yo pa
ka ede nou, yo pa ka sove nou, paske yo menm yo pa
anyen. **22** Bondye ap kenbe pawòl li. Li te pwomèt li p'ap
voye nou jete, paske li soti pou l' fè nou tounen yon pèp ki
rele l' pa l'. **23** Mwen menm, mande Bondye padon! mwen
p'ap ispann lapriyè pou nou. Se ta yon gwo peche mwen
ta fè devan Seyè a si m' ta fè sa. M'a moutre nou jan pou
nou viv byen, jan pou nou mache dwat devan Seyè a. **24**
Gen krentif pou Seyè a. Sèvi l' tout bon ak tout kè nou.
Chonje tout bèl bagay sa yo li fè pou nou! **25** Mentou, si
nou fè sa ki mal, ni nou, ni wa nou an, n'ap mouri.

13 Sayil te majè lè yo te fè l' wa. Li pase kèk tan ap
gouvènen pèp Izrayèl la. **2** Sayil chwazi twamil
(3000) gason nan pèp Izrayèl la, epi li voye tout rès yo
al lakay yo. Li pran demil gason, li fè yo rete avè l' lavil
Mikmas ak nan mòn Betèl la. Lòt mil yo te avèk Jonatan,
pitit gason Sayil la, lavil Gibeya nan peyi moun Benjamen
yo. **3** Jonatan touye chèf moun Filisti yo ki te rete lavil
Gibeya a. Moun Filisti yo vin konn sa. Sayil voye moun
kònen twonpèt nan tout peyi a pou avèti pèp ebre a. **4**
Nouvèl la gaye nan tout pèp Izrayèl la: Sayil te touye chèf
moun Filisti yo. Koulye a moun Filisti yo pa vle wè pèp
Izrayèl la. Se konsa tout pèp la vin jwenn Sayil lavil Gilgal,
yo kanpe avè l'. **5** Moun Filisti yo menm, bò pa yo tou,
sanble pou y' al atake pèp Izrayèl la. Yo te gen trantmil
(30.000) cha lagè, simil (6000) kavalye. Pou sòlda apye
menm, moun pa t' ka konte sa. Ou ta di grenn sab bò
lanmè. Yo moute al pran pozisyon bò lavil Mikmas, sou bò
solèy leve lavil Bètavenn. **6** Moun pèp Izrayèl yo wè zafè
a pa t' bon pou yo menm. Moun Filisti yo te atake moun
pèp Izrayèl yo ak fòs. Pèp Izrayèl la vin pèdi espwa. Sa
pa t' bon menm pou yo. Gen ladan yo ki al kache nan
gwòt, nan twou wòch, dèyè gwo wòch, nan pi, nan twou
anba tè. **7** Genyen ki menm janbe lòt bò larivyè Jouden
an, al nan peyi moun Gad yo ak moun Galarad yo. Sayil
menm te lavil Gilgal toujou. Tout moun ki te avè l' yo t'ap
tranble sitèlman yo te pè. **8** Dapre dat Samyèl te fikse ba
li a, li rete la sèt jou ap tann Samyèl. Sèt jou yo pase,
Samyèl pa vin lavil Gilgal. Pèp la konmanse vire do yo
kite Sayil. **9** Lè Sayil wè sa, li di yo: -Mennen bèt pou
boule nan dife yo ban mwen ansanm ak lòt ofrann pou
mande Bondye padon yo. Epi li fè ofrann pou boule nan
dife a. **10** Li t'ap fini fè sèvis ofrann pou boule nan dife
a lè Samyèl parèt. Sayil al kontre l' pou di l' bonjou. **11**
Samyèl di li: -Kisa ou fè konsa? Sayil reponn li: -Mwen wè
pèp la t'ap pati kite m'. Ou menm, ou pa t' vini lè ou te di
ou t'ap vini an. Lèfini, moun Filisti yo t'ap sanble bò lavil
Mikmas la. **12** Mwen di nan kè m': Men moun Filisti yo
pral vin atake m' isit la lavil Gilgal, epi mwen pa fè anyen
pou mete Seyè a bò kote m'. Se konsa mwen pran sou
kont mwen pou m' fè ofrann bèt pou boule nan dife pou
Seyè a. **13** Samyèl di Sayil konsa: -Se bagay moun fou
ou fè la a! Ou pa swiv lòd Seyè a, Bondye ou la, te ba
ou. Si ou te swiv lòd li, li ta kite ou gouvènen pèp Izrayèl
la, lèfini pitit ou yo ta ranplase ou jouk sa kaba. **14** Men
koulye a, rèy ou pa la pou lontan. Seyè a pral chache yon
lòt moun ki va fè tou sa l'a vle l' fè, l'a mete l' chèf sou
pèp li a, tou sa paske ou pa t' swiv lòd Seyè a te ba ou
a. **15** Epi Samyèl leve, li kite lavil Gilgal l' al fè wout li.
Tout rès pèp la pran swiv Sayil ki leve al jwenn sòlda li
yo. Yo pati kite Gilgal, y' ale lavil Gibeya nan peyi moun
Benjamen yo. Sayil fè enspeksyon lame ki te avè l' la. Te
gen sisan (600) sòlda konsa. **16** Sayil rete nan peyi moun
Benjamen yo ansanm ak Jonatan, pitit gason l' lan, ak
moun ki te avè l' yo. Moun Filisti yo menm pran pozisyon
lavil Mikmas. **17** Sòlda Filisti yo soti kote yo te ye a pou y'
al kraze brize. Yo fè twa gwoup. Yon gwoup pran chemen
ki mennen lavil Ofra nan peyi Chwal la. **18** Yon lòt gwoup
pran chemen ki mennen lavil Bètowon, ak yon lòt gwoup
pran chemen ki mennen sou fwontyè a, kote moun ka
donminen tout fon Zeboyim lan ale nan dezè a. **19** Lè sa
a, nan tan sa a, nan tout peyi Izrayèl la yo pa t' ka jwenn
fòjon paske moun Filisti yo te soti pou pa kite ebre yo fè ni
nepe ni lans fè. **20** Se konsa, moun pèp Izrayèl yo te blije
al lakay moun Filisti yo pou fè dan chari yo, wou yo, rach
yo ak kouto digo yo. **21** Moun Filisti yo te mande yo yon ti
pyès ajan pou file chak dan rach epi pou fè pwent frenn
yo, de ti pyès ajan pou fè dan chari yo ak pwent wou yo.
22 Se sa ki fè, lè jou batay la rive, pa t' gen yonn nan
mesye ki te avèk Sayil ak Jonatan yo ki te gen yon nepe
osinon yon lans fè. Sèl Sayil ak Jonatan, pitit gason l' lan,
te gen yonn pou yo chak. **23** Moun Filisti yo voye yon
ganizon al defann pas Mikmas la.

14 Yon jou, Jonatan, pitit Sayil la, pale ak jenn gason
ki t'ap pote zam li yo, li di l' konsa: -Ann al avè
m'! Ann travèse lòt bò a, nan kan moun Filisti yo. Men
Jonatan pa t' avèti papa l'. **2** Sayil menm te moute kan li
anba pye grenad Migwon an, sou lizyè peyi Gibeya a.
Li te gen sisan (600) sòlda konsa avè l'. **3** Prèt ki t'ap
pote jile Bondye a te rele Akija. Se te pitit Akitoub, pitit frè
Ikabòd la. Yo te pitit Fineas ki li menm te pitit Eli, ki te prèt
Seyè a lavil Silo. Sòlda yo pa t' konnen Jonatan te pati.
4 Nan pas kote Jonatan t'ap chache janbe larivyè pou
ale nan kan moun Filisti yo, te gen de gwo wòch, yonn
chak bò pas la. Yonn te rele Bozès, lòt la Sene. **5** Yonn te
sou bò nò anfas lavil Mikmas, lòt la sou bò sid anfas lavil
Geba. **6** Jonatan di jenn gason an: -Ann janbe lòt bò nan
kan moun Filisti yo, bann moun sa yo ki pa sèvi Seyè a.
Ou pa janm konnen, Seyè a ka ede nou. Paske pa gen
anyen ki ka anpeche l' fè nou genyen, nou te mèt anpil,
nou te mèt pa anpil. **7** Jenn gason an reponn li: -Fè sa ou
gen nan lide ou. Ale non! M'ap kanpe avè ou! **8** Jonatan
di l': -Bon! Nou pral janbe lòt bò a epi n'ap kite yo wè nou.

9 Si yo di nou rete kote nou ye a, y'ap vin jwenn nou,
n'ap rete kote nou ye a, nou p'ap mache sou yo. 10 Men,
si yo di nou moute vin jwenn yo, enben! n'a mache sou
yo. Paske, sa vle di Seyè a gen tan lage yo nan men
nou. 11 Yo parèt kò yo, yo kite moun Filisti yo wè yo.
Moun Filisti yo di: -Gade! Men kèk ebre k'ap soti nan twou
kote yo te kache. 12 Sòlda Filisti yo rele Jonatan ak jenn
gason an, yo di yo: -Moute vin jwenn nou non. Nou gen
yon bagay pou n' di nou. Lè sa a, Jonatan di jenn gason
an: -Swiv mwen. Seyè a lage yo nan men pèp Izrayèl la.
13 Jonatan grenpe moute sou men l' ak sou pye l' yo,
jenn gason an t'ap swiv li. Jonatan atake moun Filisti yo,
li jete yo atè. Jenn gason an menm t'ap touye yo dèyè
l'. 14 Nan premye atak sa a, Jonatan ak jenn gason an
te touye vin sòlda konsa, sou yon ti teren ki pa t' menm
mezire yon ka (1/4) kawo tè. 15 Tout moun Filisti ki te
nan kan an, nan tout plenn lan, vin pè anpil. Sòlda yo te
mete an avangad yo ak tout rès lame a te vin pè tou.
Tè a pran tranble, te gen yon gwo kouri nan tout peyi
a. 16 Faksyonnè Sayil te mete ap veye lavil Gibeya nan
peyi moun Benjamen yo wè te gen yon sèl debandad nan
mitan moun Filisti yo ki t'ap kouri tankou moun fou. 17
Sayil di moun ki te avè l' yo: -Konte sòlda yo! Gade kilès
ki pa la! Yo konte, yo pa jwenn ni Jonatan ni jenn gason ki
te konn pote zam li yo. 18 Lè sa a, Sayil di Akija konsa: -
Pwoche ak Bwat Kontra Bondye a isit. Li te di sa paske
jou sa a se Akija ki t'ap pote bwat la devan pèp Izrayèl la.
19 Pandan Sayil t'ap pale ak prèt la, kouri a te vin pi rèd
nan mitan moun Filisti yo. Sayil di prèt la konsa: -Rete sou
sa ou fè! 20 Li leve ansanm ak moun ki te avè l' yo, yo ale
kote batay la te cho a. Moun Filisti yo menm te fin pèdi tèt
yo, yo t'ap goumen yonn ak lòt. 21 Gen kèk ebre ki te
mete tèt yo bò kote moun Filisti yo, yo te la avèk yo nan
kan an. Lè sa a, yo vire kont moun Filisti yo, yo mete yo
bò moun pèp Izrayèl yo ki te avèk Sayil ak Jonatan. 22
Moun pèp Izrayèl ki te kache nan mòn Efrayim yo vin
tande moun Filisti yo t'ap kraze rak. Yo menm tou yo vini,
yo lage kò yo nan batay la, yo t'ap kouri dèyè moun Filisti
yo. 23 Se konsa jou sa a, Seyè a te sove pèp Izrayèl la.
Yo rive jouk lòt bò lavil Bèt-Avenn, yo t'ap goumen toujou.
24 Jou sa a, moun pèp Izrayèl yo te fèb anpil tèlman yo te
grangou paske Sayil te pran yon gwo angajman devan
tout pèp la, li te pase lòd sa a: -Madichon pou nenpòt
moun ki va mete manje nan bouch li jòdi a anvan mwen
pran revanj mwen sou lènmi m' yo. Se konsa pesonn nan
peyi a pa t' manje anyen jou sa a. 25 Pèp la rive nan yon
gwo rakbwa kote ki te gen anpil siwo myèl. 26 Siwo myèl
t'ap koule konsa atè nan rakbwa a, men pesonn pa goute
menm ladan l' paske yo te pè pou malè Sayil te di a pa
rive yo. 27 Men, Jonatan pa t' konnen papa l' te bay pèp
la prigad sa a. Sa li fè, li lonje baton ki te nan men l' lan, li
tranpe bout baton an nan yon gato myèl, epi li mete l' nan
bouch li. Lamenm, li santi li vin gen fòs ankò. 28 Men,
yonn nan mesye yo di li: -Tout moun ap tonbe feblès,
yo pa manje paske papa ou te ban nou prigad sa a, li
te di: Madichon pou nenpòt moun ki manje anyen jòdi
a. 29 Jonatan reponn li: -Sa papa m' fè pèp la la a pa
bon menm! Gade jan m' santi m' gen fòs ankò, paske
mwen goute yon ti siwo myèl. 30 Si pèp la te manje nan
manje li pran lakay moun Filisti yo jòdi a, koulye a èske
nou wè kantite moun Filisti nou ta ka touye met sou sa
nou touye deja yo? 31 Jou sa a, moun pèp Izrayèl yo
bat moun Filisti yo byen bat, depi lavil Mikmas jouk lavil
Ajalon. Pèp la t'ap tonbe feblès tèlman yo te grangou. 32
Se konsa yo lage kò yo sou sa yo te pran nan men lènmi
yo: yo pran mouton, kabrit, gwo bèf, ti bèf, yo touye yo
lamenm epi yo manje vyann lan ak tout san an ladan l'.
33 Y' al di Sayil konsa: -Gade! Men pèp la ap peche kont
Seyè a: Y'ap manje vyann ak tout san an ladan l'. Sayil di
konsa: -Nou se yon bann lach! Woule yon gwo wòch bò
isit la ban mwen. 34 Apre sa, li bay lòd sa a: -Gaye kò
nou nan tout pèp la. Al di pou chak moun mennen bèf yo
ak mouton yo ban mwen. Se isit la n'a touye yo, se isit la
n'a manje yo pou nou pa fè peche kont Seyè a, pou nou
pa manje vyann yo ak tout san yo ladan yo. Jou swa sa a,
chak moun mennen bèt yo te genyen, yo touye yo la. 35
Sayil bati yon lotèl pou Seyè a. Se te premye lotèl li te
bati. 36 Sayil di moun yo: -Ann desann dèyè moun Filisti
yo. Ann pase nwit lan ap bat yo, n'a piye yo jouk bajou
kase, n'a touye yo tout. Yo reponn li: -Fè sa ou wè ki bon!
Men, prèt la di: -Ann gade sa Seyè a di nou sou sa! 37
Sayil mande Seyè a: -Eske se pou m' desann dèyè moun
Filisti yo? Eske w'ap lage yo nan men pèp Izrayèl la? Men
Seyè a pa reponn li jou sa a. 38 Lè sa a, li rele tout chèf
pèp la, li di yo: -Pwoche devan la a. Chache konnen ki
peche nou te fè jòdi a. 39 Mwen bay pawòl mwen. Mwen
fè sèman devan Seyè ki vivan an, li menm ki delivre pèp
Izrayèl la, menm si se Jonatan, pitit mwen, ki koupab, se
pou l' mouri. Pesonn pa louvri bouch yo di anyen. 40 Epi li
di tout pèp Izrayèl la: -Nou menm kanpe bò isit. Mwen
menm ak Jonatan, pitit gason m' lan, m'ap kanpe bò la.
Pèp la di Sayil: -Fè sa ou wè ki bon! 41 Sayil di Seyè a: -
Bondye pèp Izrayèl la! Poukisa ou pa reponn mwen jòdi
a? Seyè, Bondye pèp Izrayèl la, tanpri, reponn mwen nan
ourim ak toumim yo. Si se mwen menm osinon Jonatan ki
koupab, w'a bay ourim yo. Men, si se yon moun nan pèp
la ki koupab, w'a bay toumim yo. Seyè a fè yo konnen se
bò Sayil ak Jonatan fòt la te ye, pèp la te pou anyen nan
sa. 42 Sayil di: -Koulye a, ant Jonatan avè m', di kilès
nan nou de a ki koupab. Seyè a fè konnen se Jonatan.
43 Lè sa a, Sayil mande Jonatan: -Kisa ou fè? Jonatan
reponn: -Mwen te pran ti gout siwo myèl nan pwent baton
ki te nan men m' lan, mwen goute. Men mwen! Mwen
pare pou m' mouri. 44 Sayil di li: -Se pou Bondye ban m'
pi gwo pinisyon ki genyen si mwen pa fè yo touye ou.
45 Men pèp la di Sayil konsa: -Se Jonatan ki te genyen
bèl batay sa a pou pèp Izrayèl la, li pa ka mouri. Mande
Bondye padon! Nou fè sèman devan Seyè ki vivan an,
nou p'ap kite yon grenn cheve nan tèt li tonbe, paske se
avèk lasistans Bondye li fè sa l' fè jòdi a. Se konsa moun

yo enpoze yo touye Jonatan. Li pa mouri. 46 Apre sa,
Sayil sispann kouri dèyè moun Filisti yo. Moun Filisti yo
menm tounen nan peyi yo. 47 Apre yo te fin fè Sayil wa
peyi Izrayèl la, li fè lagè ak tout lènmi l' yo alawonnbadè:
ak moun Moab yo, moun Amon yo, moun Edon yo, ak wa
lavil Soba yo, ak moun Filisti yo. Kote li pase, li genyen
batay yo. 48 Li te fè wè jan li te yon vanyan sòlda. Li
bat ata moun Amalèk yo. Konsa, li delivre pèp Izrayèl la
anba men tout moun ki t'ap piye l' yo. 49 Men pitit gason
Sayil te genyen: Se te Jonatan, Yichwi ak Malkichwa. Men
non de pitit fi li yo: Pi gran an te rele Merab, pi piti a te
rele Mikal. 50 Madan Sayil te rele Akinoam. Se te pitit
Akimas. Kòmandan lame a te rele Abnè. Se te pitit Nè,
tonton Sayil. 51 Kich, papa Sayil, ak Nè, papa Abnè, te
pitit gason Abiyèl. 52 Sayil pase tout lavi li ap mennen
gwo batay ak moun Filisti yo. Chak fwa li te jwenn yon
vanyan gason osinon yon moun ki te gen anpil fòs ak
kouraj, li te mete l' nan lame li a.

15 Samyèl di Sayil: -Se mwen menm Seyè a te voye
pou vide lwil sou tèt ou pou ou te ka wa sou pèp
Izrayèl la. Koulye a, koute pawòl Seyè a. 2 Men sa Seyè
ki gen tout pouvwa a voye di ou: Li pral pini moun Amalèk
yo paske yo te kenbe tèt ak pèp Izrayèl la lè yo t'ap moute
soti peyi Lejip. 3 Koulye a, leve al atake moun Amalèk
yo. W'a pran tou sa ki pou yo, w'a ofri yo bay Seyè a.
Ou p'ap gen pitye pou pesonn lakay yo: N'a touye fanm
kou gason, timoun ak ti bebe nan tete, ata bèf, mouton,
chamo ak bourik. 4 Sayil rele tout sòlda li yo. Li pase
yo enspeksyon lavil Telayim. Te gen desanmil (200.000)
sòlda apye ki te moun Izrayèl ak dimil (10.000) sòlda ki te
moun Jida. 5 Lèfini, li desann toupre yonn nan lavil moun
Amalèk yo. L' al kache kò li nan yon ravin chèch. 6 Apre
sa, li voye avèti moun Kayen yo: -Wete kò nou! Kite moun
Amalèk yo pou kont yo, pou nou pa touye nou ansanm ak
yo. Paske nou menm moun Kayen, nou te aji byen ak pèp
Izrayèl la lè yo t'ap tounen soti nan peyi Lejip la. Se konsa
moun Kayen yo pati, yo wete kò yo nan mitan moun
Amalèk yo. 7 Sayil bat moun Amalèk yo depi lavil Avila
rive Chou sou bò solèy leve peyi Lejip. 8 Li pran Agag, wa
moun Amalèk yo, tou vivan, men li touye tout rès moun yo
tankou yon ofrann pou Bondye. 9 Men Sayil ak sòlda li yo
pa t' touye Agag. Yo pa t' touye pi bèl mouton yo ni pi
bèl bèf yo, ni yo pa t' touye ankenn bèt ki te bon. Men,
yo touye tout bèt ki te lèd, tout bèt ki te mèg tankou yon
ofrann pou Bondye. 10 Seyè a pale ak Samyèl, li di l'
konsa: 11 -Mwen règrèt mwen te fè Sayil wa. Li vire do
ban mwen. Li pa fè sa mwen ba li lòd fè. Samyèl pa t'
kontan, li fè tout nwit lan ap lapriyè nan pye Seyè a. 12
Nan denmen maten, bonè bonè, li soti al chache Sayil. Yo
vin di Samyèl Sayil t' ale lavil Kamèl, kote li fè bati yon
moniman pou tèt li, apre sa, li tounen isit, li desann lavil
Gilgal. 13 Samyèl al jwenn Sayil. Sayil vin di l' bonjou: -Se
pou Seyè a beni ou! Mwen fè tou sa li te ban m' lòd fè. 14
Samyèl mande l': -Ki tout bri mouton ak bèf m'ap tande
nan zòrèy mwen konsa? 15 Sayil reponn li: -Anhan! Se
bèt sòlda mwen yo pran kay moun Amalèk yo. Yo pran pi
bèl mouton yo ak pi bèl bèf yo, yo pa touye yo pou yo te
ka ofri yo bay Seyè a, Bondye ou la. Men, yo touye tout
rès yo nèt tankou yon ofrann pou Bondye. 16 Samyèl di l'
konsa: -Pe bouch ou, tande! Kite m' di ou sa Seyè a te vin
di m' lannwit lan. Sayil di li: -Pale non! 17 Samyèl di li: -
Atout yon lè ou te rekonèt ou pa t' anyen, jòdi a se pa ou
menm ki chèf tout branch fanmi pèp Izrayèl la? Se pa
Seyè a menm ki te chwazi ou pou wa pèp Izrayèl la? 18
Li voye ou ale avèk lòd espre pou ou te touye tout moun
Amalèk yo, bann moun sa yo k'ap fè sa ki mal, tankou
yon ofrann pou Bondye. Se pou ou te goumen ak yo jouk
ou te fin touye yo tout. 19 Poukisa ou pa koute sa Seyè a
te di ou? Poukisa ou lage kò ou sou sa ou te pran nan
men lènmi ou yo, epi ou fè sa ki pa fè Seyè a plezi. 20
Sayil reponn Samyèl li di li: -Mwen fè tou sa Seyè a te di
m' fè! Mwen mache dapre lòd li. Mwen pran Agag, wa
moun Amalèk yo, mwen tounen avè l'. Mwen touye tout
rès moun Amalèk yo tankou yon ofrann pou Bondye. 21
Men sòlda mwen yo pa t' touye bèl mouton ak pi bèl bèf
yo te jwenn nan sa yo te pran lakay lènmi sa yo. Yo pote
yo isit la, lavil Gilgal, pou yo te ka ofri yo sou lotèl la bay
Seyè a, Bondye ou la. 22 Lè sa a, Samyèl di l' konsa: -
Dapre ou, kisa Seyè a pito: yon moun k'ap ofri bèt pou
boule nan dife, k'ap fè tout kalite ofrann bèt pou li, osinon
yon moun k'ap fè sa li di l' fè a? Konn sa tande! Pito yon
moun fè sa Seyè a di l' fè a pase pou l' touye bèt ofri pou
Bondye. Pito yon moun soumèt devan Bondye pase pou l'
ofri bèl belye chatre pou Seyè a. 23 Dezobeyi Bondye
nan sa l' mande ou fè a se menm bagay ak fè maji. Fè tèt
di ak Bondye se menm bagay ak sèvi zidòl. Enben, ou
voye pawòl Bondye a jete, Seyè a wete ou nan plas wa a,
li voye ou jete tou. Li pa gen anyen pou l' wè avè ou ankò!
24 Sayil reponn li: -Mwen peche, mwen pa fè sa Seyè a te
ban m' lòd fè. Mwen pa t' koute pawòl ou te di m' lan.
Se pè mwen te pè mesye m' yo kifè m' fè sa yo te vle
fè a. 25 Men koulye a, tanpri, padonnen peche m' lan.
Tounen avè m' pou m' ka sèvi Seyè a. 26 Samyèl di li: -
Non, mwen p'ap tounen avè ou. Paske ou voye pawòl
Bondye a jete, Seyè a wete ou nan plas wa a, li voye ou
jete tou. 27 Samyèl fè sa li vire pou l' ale, Sayil kenbe rad
li, rad la chire. 28 Samyèl di li: -Seyè a rache gouvènman
peyi Izrayèl la nan men ou jòdi a. Li rale l' nan men ou. Li
pral renmèt li bay yon lòt moun ki pi bon pase ou. 29
Bondye ki wa pèp Izrayèl la pa konn manti, ni li pa konn
chanje lide. Se pa moun li ye. Li p'ap chanje pawòl. 30
Sayil reponn li: -Mwen peche, se vre! Men, pa fè m' wont
devan tout chèf pèp mwen an, devan tout pèp Izrayèl la.
Tounen avè m' pou m' ka fè sèvis pou Seyè a, Bondye ou
la. 31 Se konsa Samyèl tounen avèk Sayil, epi Sayil fè
sèvis pou Seyè a. 32 Apre sa, Samyèl di konsa: -Mennen
Agag, wa moun Amalèk yo, ban mwen. Agag vin jwenn
li. Li t'ap tranble tèlman li te pè. Li t'ap di nan kè l': Ala
bagay di, mezanmi, se lanmò! 33 Samyèl di li: -Avèk nepe
ou, ou te fè anpil manman pèdi pitit yo. Koulye a, nan tout

fanm ki sou latè, manman ou pral pèdi pitit pa li tou. Epi li
koupe Agag an moso la devan lotèl Seyè a lavil Gilgal. **34**
Lèfini, Samyèl desann lavil Rama. Sayil menm moute al
lakay li lavil Gibeya. **35** Depi lè sa a, Samyèl pa janm wè
wa Sayil ankò jouk li mouri. Men, sa te fè l' lapenn anpil
pou Sayil. Seyè a menm te règrèt deske li te fè Sayil wa
pèp Izrayèl la.

16 Seyè a di Samyèl konsa: -Kilè w'a sispann gen
lapenn pou Sayil? Se mwen menm ki voye l' jete
pou l' pa wa pèp Izrayèl la ankò. Plen ti poban ou lan lwil.
Leve ou ale. M'ap voye ou lavil Betleyèm, kay yon nonm
yo rele Izayi, paske mwen chwazi yonn nan pitit gason
l' yo pou vin wa. **2** Samyèl di li: -Ki jan ou vle mwen fè
bagay konsa? Si Sayil vin konn sa, l'a touye m'. Seyè a
reponn li: -Pran yon jenn ti gazèl avè ou, epi w'a di: Mwen
vin fè yon sèvis ofrann bèt pou Seyè a. **3** W'a envite Izayi
nan sèvis la. Mwen menm, m'a di ou sa pou ou fè. W'a
mete moun m'a di ou la apa pou sèvi wa devan m'. **4**
Samyèl fè tou sa Seyè a te di l' fè a. L' ale lavil Betleyèm.
Chèf ki reskonsab lavil yo vin kontre l'. Yo tout te gen kè
sote. Yo di l' konsa: -Eske se pou byen nou ou vin isit la?
5 Samyèl di: -Wi se pou byen nou. Mwen vin fè yon sèvis
ofrann bèt pou Seyè a. Ale mete nou nan kondisyon pou
fè sèvis pou Bondye. Apre sa, n'a vin avè m' nan sèvis la.
Li te mande Izayi ansanm ak pitit li yo pou yo te mete
yo nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye tou. Lèfini, li
envite yo nan sèvis ofrann bèt la tou. **6** Lè yo rive, Samyèl
wè Eliyab, yonn nan pitit gason Izayi yo, li di nan kè l': -
Nèg sa a ki kanpe devan lotèl la, sèten se li menm Seyè a
chwazi. **7** Men Granmèt la di l': -Pa gade sou bèl aparans
li, ni sou bèl wotè li. Paske mwen mete l' sou kote. Mwen
pa jije valè yon moun jan lèzòm fè l' la. Lèzòm gade sou
sa ki parèt devan je yo. Men, mwen menm mwen gade sa
ki nan kè moun. **8** Apre sa, Izayi fè rele Abinadab, yon
lòt nan pitit gason l' yo, li mennen l' bay Samyèl. Men,
Samyèl di: -Sa a tou, se pa li Seyè a chwazi. **9** Izayi fè
mennen Chama devan Samyèl. Men, Samyèl di: -Sa a
tou, se pa li Seyè a chwazi. **10** Konsa konsa, Izayi te
mennen sèt nan pitit gason l' yo bay Samyèl. Epi Samyèl
di Izayi konsa: -Non, Seyè a pa chwazi yonn ladan yo. **11**
Lè sa a, Samyèl di Izayi ankò: -Se tout pitit gason ou yo
sa? Ou pa gen lòt? Izayi reponn: -Wi, mwen gen yon ti
dènye. Men, l' al mennen mouton m' yo al nan manje.
Samyèl di li: -Voye chache l', paske nou p'ap konmanse
sèvis la tout tan li pa vini. **12** Se konsa Izayi voye chache
ti nonm lan. Yo mennen l' vini. Se te yon jenn gason ak
bèl ti je, cheve l' te yon ti koulè kannèl, li te gen bèl figi.
Seyè a di Samyèl: -Men li! Kanpe non, vide lwil sou tèt li.
13 Samyèl pran ti poban lwil la, li vide l' sou tèt David, la
devan tout frè li yo. Lamenm Lespri Seyè a desanm sou
David. Depi jou sa a, li pa t' janm kite l'. Apre sa, Samyèl
leve, li tounen lavil Rama. **14** Lespri Seyè a te kite Sayil,
epi Seyè a voye yon move lespri sou li ki t'ap toumante l'.
15 Moun k'ap sèvi Sayil yo di l' konsa: -Gade! Ou konnen
Seyè a voye yon move lespri sou ou k'ap toumante ou!
16 Mèt, annik pase yon lòd, epi nou menm ki la avè ou,
n'a chache yon moun ki konn jwe gita. Konsa, chak fwa
move lespri a va vin sou ou, moun lan va jwe pou ou, epi
w'a santi yon soulajman. **17** Sayil di moun k'ap sèvi l'
yo: -Al chache yon moun ki konn jwe mizik mennen ban
mwen. **18** Yonn nan mesye yo di konsa: -Izayi, moun lavil
Betleyèm lan, gen yon pitit gason ki konn jwe mizik. Se
yon vanyan gason, yon bon sòlda ki gen bon pawòl nan
bouch li. Lèfini, li byen kanpe. Seyè a avèk li. **19** Se konsa
Sayil voye kèk mesaje bò kote Izayi pou di li: -Voye David,
pitit gason ou ki konn okipe mouton ou yo, ban mwen. **20**
Izayi pran yon veso plen diven, yon jenn ti kabrit ak yon
bourik chaje pen, li bay David pou renmèt Sayil. Epi li
voye a al jwenn wa a. **21** Se konsa David al jwenn Sayil ki
pran l' pou sèvi l'. Sayil te vin renmen David anpil. Li pran
l' pou pote zam li yo. **22** Sayil voye di Izayi konsa: -Tanpri,
kite David rete avè m'. Mwen renmen l' anpil. **23** Depi lè
sa a, chak fwa move lespri Bondye te voye a desann sou
Sayil, David pran gita a epi li tonbe jwe. Lè konsa, move
lespri a kite l', epi Sayil te soulaje, li te santi l' byen ankò.

17 Moun Filisti yo sanble tout sòlda yo lavil Soko nan
peyi moun Jida yo, pou y' al goumen. Yo pran
pozisyon yon kote yo rele Fwontyè San, ant lavil Soko ak
lavil Azeka. **2** Sayil vini ansanm ak moun Izrayèl yo, yo
pran pozisyon nan fon Bwadchenn lan, epi yo ranje kò yo
anfas moun Filisti yo pou y' al goumen ak yo. **3** Moun
Filisti yo te sou yon ti mòn yon bò, moun pèp Izrayèl yo te
sou yon lòt ti mòn anfas. Fon an te nan mitan de lame
yo. **4** Yon bowòm yo rele Golyat, moun lavil Gat, soti nan
kan moun Filisti yo, li parèt devan sòlda pèp Izrayèl yo, li
mande pou yonn ladan yo vin fè fas kare ak li. Li te gen
nèf pye wotè. **5** Li te gen yon kas fè nan tèt li ak yon rad
fèt an plak fè sou li. Rad la te peze sansenkant (150) liv
pou pi piti. **6** Li te gen janbyè fèt an fè nan janm li, ak yon
ti frenn fèt an asye pandye sou zepòl li. **7** Bwa gwo frenn
ki te nan men l' lan te menm gwosè ak yon gwo manch
pilon. Pwent frenn lan te fèt an fè. Li te peze vin liv konsa.
Te gen yon sòlda ki t'ap mache devan l' avèk plak pwotèj
li a. **8** Golyat kanpe, epi li rele moun pèp Izrayèl yo, li di
yo konsa: -Se goumen nou vin goumen? Poukisa atò?
Mwen menm, se moun Filisti mwen ye. Nou menm, se
esklav Sayil nou ye. Chwazi yon nonm nan mitan nou
pou l' vin kare avè m'. **9** Si l' rive bat mwen pou l' touye
m', moun Filisti yo va vin esklav moun Izrayèl yo. Men,
si se mwen ki bat li, si m' touye l', se nou menm moun
Izrayèl yo k'ap vin esklav moun Filisti yo pou sèvi yo. **10**
Li di yo ankò: -Jòdi a mwen mete tout moun Izrayèl yo
an defi. M' pini nou jwenn yon nonm ki pou vin kare avè
m'. **11** Lè Sayil ak tout sòlda moun Izrayèl yo tande sa
sòlda Filisti a te di yo, yo vin pè anpil. Yo pran tranble.
12 David te pitit gason yon nonm fanmi Efrata yo, ki te
rete lavil Betleyèm, nan peyi Jida. Nonm lan te rele Izayi.
Li te gen wit pitit gason. Sou rèy wa Sayil, li te deja fin
granmoun. **13** Twa premye pitit gason l' yo te pati al nan

lagè ansanm ak Sayil. Pi gran an te rele Eliyab, dezyèm
lan te rele Abinadab, twazyèm lan te rele Chama. **14**
David te dènye pitit Izayi. Twa pi gran yo te pati ansanm
ak Sayil. **15** Tanzantan David te konn soti lakay Sayil
desann lavil Betleyèm pou l' al okipe mouton papa l' yo.
16 Chak maten, chak aswè, pandan karant jou, Golyat
te vin kanpe devan sòlda pèp Izrayèl yo pou mande yo
batay. **17** Yon jou, Izayi di David konsa: -Pran yon mamit
grenn griye ak dis pen sa yo, kouri pote yo bay frè ou
yo nan kan an. **18** Pran dis fwomaj sa yo, pote yo bay
kòmandan an. W'a pran nouvèl frè ou yo, ki jan yo ye. Epi
w'a fè yo ba ou yon bagay pou m' sèten ou wè yo an
sante. **19** Wa Sayil, frè ou yo ansanm ak tout lòt mesye
Izrayèl yo nan Fon Bwadchenn lan ap goumen ak moun
Filisti yo. **20** Nan denmen maten, David leve byen bonè, li
kite yon gadò pou veye mouton yo pou li, li pran manje a,
epi li pati jan Izayi te di l' la. Lè li rive nan kan an, moun
pèp Izrayèl yo te fèk soti pou y' al pran pozisyon batay. Yo
t'ap rele pou chofe sòlda yo. **21** Lame moun Filisti yo ak
lame moun Izrayèl yo vin kanpe yonn anfas lòt pou batay
la. **22** David kite manje li te pote a nan men nonm ki te
reskonsab pwovizyon yo, li kouri kote batay la tapral mare
a, l' al jwenn frè li yo. Li mande yo nouvèl yo. **23** Li t'ap
pale ak yo konsa, lè Golyat, gwo sòlda Filisti a, moun lavil
Gat la, soti nan kan moun Filisti yo, li vin kanpe devan
sòlda pèp Izrayèl yo pou mande yo batay jan l' te konn fè
l' anvan an. David tande sa Golyat t'ap di. **24** Lè moun
pèp Izrayèl yo wè Golyat parèt yo pran kouri tèlman yo te
pè. **25** Yonn t'ap di lòt: -Gade nonm lan non! Tande jan
l'ap mete nou an defi! Si yon moun rive bat nonm sa a, wa
a ap fè moun sa a rich, l'ap marye l' ak pitit fi li. Lèfini, l'ap
bay tout fanmi l' yo dwa pou yo pa janm bezwen peye
ankenn taks nan peyi Izrayèl. **26** David mande moun ki te
kanpe bò kote l' yo: -Kisa y'a bay moun ki va touye sòlda
Filisti a, moun ki va wete pèp Izrayèl la nan gwo wont sa
a? Epitou, kisa sòlda Filisti sa a, ki pa moun k'ap sèvi
Seyè a, ye menm pou l' mete lame Bondye vivan an an
defi vin goumen avè l' la? **27** Mesye yo di l' tou sa y'a fè
pou moun ki va touye Golyat la. **28** Eliyab, pi gran nan frè
David yo, te tande l' ap pale ak mesye yo. Li fache sou li,
li di l' konsa: -Sa w'ap fè la a? Ki moun k'ap okipe mouton
ou yo pou ou nan dezè a? Mwen konnen jan ou lafoura.
Ou toujou sou plan! Se batay la ou vin gade. **29** David
reponn li: -Kisa m' fè, mezanmi! Yon senp ti keksyon m'ap
mande moun yo la a wi! **30** Li vire bò yon lòt moun, li
mande l' menm keksyon an. Chak fwa, moun yo fè l'
menm repons la. **31** Kèk moun ki te tande sa David t'ap
di al rapòte sa bay Sayil ki voye chache l'. **32** David di
Sayil: -Monwa, pesonn pa dwe kite sòlda Filisti sa a ap
kraponnen yo konsa. Mwen pral goumen avè l'. **33** Sayil
di David konsa: -Non, ou pa ka goumen ak sòlda Filisti sa
a. Ou twò piti. Nèg sa a se yon sòlda k'ap goumen depi l'
jenn gason. **34** David di Sayil: -Monwa, se mwen menm
k'ap okipe mouton papa m' yo. Nenpòt lè yon lyon osinon
yon lous vin pran yonn nan mouton yo, **35** mwen kouri
dèyè l', m' atake l', mwen wete mouton an anba grif li. Si
lè sa a, lyon an osinon lous la konprann pou l' vire sou
mwen, mwen pran l' nan gagann, mwen bat li jouk mwen
touye l'. **36** Menm jan mwen touye lyon ak lous, se konsa
m'a touye sòlda Filisti sa a ki pa moun k'ap sèvi Seyè a.
M'ap touye l' paske li mete lame Bondye vivan an an defi
vin goumen avè l'. **37** David di ankò: -Seyè a te delivre m'
anba pat lyon yo ak pat lous yo, l'a delivre m' tou anba
men sòlda Filisti sa a. Sayil di David: -Bon, ale non! Mwen
mande Seyè a pou l' avèk ou! **38** Sayil pran pwòp rad
lagè pa l' yo, li mete sou David. Li mete yon kas fè nan tèt
David ak yon rad fèt an plak fè pou pwoteje kò li. **39** David
pase nepe Sayil la nan ren l', anwo rad lagè a. Men, li fè
sa pou l' mache, li pa t' kapab, paske li pa t' konn sèvi ak
tout bagay sa yo. Li di Sayil konsa: -Mwen pa ka mache
ak tout bagay sa yo sou mwen, mwen pa konn sèvi ak
yo. Epi David wete tout bagay yo sou li. **40** Lèfini, li pran
baton l' nan men l', li ranmase senk ti wòch won nan ravin
lan, li mete yo nan ralfò li sèvi lè l'ap okipe mouton yo.
Apre sa, fistibal li nan men l', li mache sou Golyat. **41**
Sòlda Filisti a pran mache sou David tou. Nonm ki t'ap
pote plak pwotèj li a t'ap mache devan li. Li t'ap pwoche pi
pre David. **42** Lè sòlda Filisti a gade, li wè David pi pre, li
tchwipe, epi li vire tèt li sou kote, paske li te wè se yon
timoun ak cheve koulè kannèl, ak yon bèl ti figi ki te devan
l'. **43** Sòlda Filisti a di David konsa: -Gen lè se yon chen
mwen ye pou se avèk yon baton w'ap mache sou mwen?
Epi li pran non bondye l' yo pou madichonnen David. **44**
Apre sa, li di ankò: -Mwen pini ou vanse sou mwen pou
ou wè si mwen p'ap pran kò ou pou m' bay zwazo nan
syèl ak bèt nan bwa manje. **45** David di sòlda Filisti a
konsa: -W'ap mache sou mwen avèk nepe, gwo frenn ak
ti frenn. Men mwen menm, m'ap mache sou ou nan non
Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye lame pèp Izrayèl la.
Se li menm ou te mete an defi vin goumen avè ou. **46** Jòdi
a menm, Seyè a pral lage ou nan men m'. M'ap vide ou
atè, m'ap koupe tèt ou. Lèfini, m'ap kite kadav ou ansanm
ak kadav sòlda Filisti yo pou zwazo nan syèl ak bèt nan
bwa manje. Konsa, tout moun nan peyi a va konnen pèp
Izrayèl la gen yon Bondye. **47** Wi, tout moun ki sanble isit
la a va wè Bondye pa bezwen ni nepe ni frenn pou delivre
pèp li a. Batay la rele l' pa l'. Se li menm ki pral lage tout
moun Filisti yo nan men pèp Izrayèl la. **48** Golyat pran
mache ankò sou David. David menm t'ap kouri al kontre
ak li devan lame yo. **49** Li foure men l' nan ti ralfò li a, li
pran yon wòch ladan l', li mete l' nan fistibal la, li vize
Golyat. Li frape sòlda Filisti a nan mitan fwon. Wòch la
antre nan kalbas tèt sòlda Filisti a. Sòlda Filisti a tonbe
fas atè. **50** Se konsa David te bat sòlda Filisti a avèk yon
fistibal ak yon wòch. Li vide sòlda Filisti a atè, li touye l'. Li
pa t' gen yon bout nepe menm nan men l'. **51** David kouri
al bò kote sòlda Filisti a, li moute sou li, li rale nepe sòlda
Filisti a soti nan djenn li, li touye l', lèfini li koupe tèt li. Lè
moun Filisti yo wè bowòm yo a te mouri, yo kouri met
deyò. **52** Sòlda pèp Izrayèl yo ak mesye peyi Jida yo leve,

yo pouse gwo rèl lagè yo a, yo pran kouri dèyè moun
Filisti yo jouk devan lavil Gat, jouk devan pòtay Ekwon.
Te gen kadav moun Filisti sou tout wout ki mennen lavil
Charayim lan jouk lavil Gat ak Ekwon. **53** Se lè sa a moun
pèp Izrayèl yo sispann kouri dèyè moun Filisti yo, yo kase
tèt tounen. Yo fè yon gwo piyay nan kan moun Filisti yo.
54 David pran tèt Golyat, li pote l' lavil Jerizalèm, men li
kenbe zam sòlda Filisti a lakay li. **55** Lè Sayil wè David
t'ap mache al kontre ak sòlda Filisti a, li mande Abnè,
kòmandan lame li a: -Abnè, pitit ki moun jenn gason sa
a ye? Abnè reponn li: -Monwa, mwen fè sèman, menm
jan ou vivan an, mwen pa konnen l'. **56** Wa a di li: -Al
chache konnen pitit ki moun li ye. **57** Apre David fin touye
sòlda Filisti a, li tounen nan kan moun pèp Izrayèl yo.
Abnè pran l', li mennen l' devan Sayil. David te kenbe tèt
sòlda Filisti a nan men l' toujou. **58** Sayil mande l': -Ti
gason, pitit ki moun ou ye hen! David reponn: -Mwen se
pitit moun pa ou la, Izayi, moun lavil Betleyèm.

18 Lè David fin pale ak Sayil, kè Jonatan, pitit gason
Sayil la, vin louvri pou David. Li vin renmen l' tankou
li renmen tèt pa li. **2** Depi jou sa a, Sayil fè David rete ak
li, li pa kite l' tounen lakay papa l' ankò. **3** Jonatan mare
zanmi ak David pou tout tan, paske li te renmen l' tankou
li te renmen tèt pa li. **4** Li wete gwo rad ki te sou li a,
li bay David li ansanm ak tout bagay li te genyen, ata
nepe li, banza li ak sentiwon l'. **5** Chak fwa Sayil te voye
David an misyon, kote li pase, li toujou reyisi. Se konsa
Sayil moute l' grad, li fè l' chèf nan lame a. Sa te fè tout
moun Sayil yo ansanm ak tout pèp la plezi. **6** Sòlda yo
t'ap tounen lakay yo. Lè sa a, David te fin touye sòlda
Filisti a, li t'ap tounen lakay li tou. Yon bann medam soti
nan tout lavil peyi Izrayèl la vin kontre wa Sayil. Yo t'ap
chante, yo t'ap danse, yo t'ap jwe tanbouren, yo t'ap bat
ògàn, yo t'ap chante pou fè kè moun kontan. **7** Medam yo
t'ap fè fèt, yo t'ap danse, yo t'ap di: -Sayil desann mil.
David desann dimil. **8** Sayil pa t' renmen sa menm, li te
fache. Li t'ap di: -Anhan! Yo di David touye dimil (10.000),
mwen menm, yo di m' touye mil ase! Sèl bagay ki rete la
a, se wa ase yo poko fè l' wa! **9** Depi jou sa a, Sayil gade
David ak move je. **10** Nan denmen, Bondye voye yon
move lespri desann sou Sayil. Msye t'ap depale nan tout
kay la, tankou yon moun fou. David menm t'ap jwe gita,
jan li te konn fè l' chak jou a. Sayil te kenbe frenn li nan
men l'. **11** Sayil di nan kè l': Mwen pral kloure David sou
miray la, epi li voye frenn lan an de fwa sou David. Men,
chak fwa, David eskive frenn lan. **12** Sayil te pè David
anpil, paske Seyè a te vire do bay Sayil, se avèk David li
te ye koulye a. **13** Se konsa Sayil voye David al byen
lwen, li wete l' anba je l'. Li mete l' chèf sou mil sòlda.
David pa t' chita menm, tout tan li te nan goumen. **14**
Men, kote li pase li toujou kraze lènmi yo, paske Seyè
a te kanpe avèk li. **15** Sayil wè ki jan David t'ap reyisi
kote l' pase, li vin pè l' pi rèd. **16** Men, tout moun nan
peyi Izrayèl ak nan peyi Jida te renmen David paske se li
yo te konnen pou chèf lame a. **17** Yon lè Sayil di David
konsa: -Men Merab, premye pitit fi mwen an. M'ap ba ou l'
pou madanm. Sèl bagay se pou fè m' wè se yon vanyan
gason ki pa pè batay ou ye, se pou ou goumen tout kote
Seyè a va voye ou al goumen pou li! Sayil t'ap di nan kè
l': Konsa, se moun Filisti yo ki pral touye David, mwen
p'ap bezwen fè l' mwen menm. **18** David di Sayil: -Kisa m'
ye? Kisa m'ap fè pou m' viv? Kisa fanmi papa m' ye konsa
nan peyi Izrayèl la pou m' marye ak pitit fi wa a? **19** Men,
lè lè a rive pou yo te marye Merab ak David, wa a marye
Merab ak Adriyèl, moun lavil Meola. **20** Men, Mikal, yon
lòt pitit fi Sayil te genyen, te tonbe pou David. Lè y' al di
Sayil sa, bagay la te fè l' plezi. **21** Sayil t'ap di nan kè
l': M'ap bay David Mikal pou madanm. L'ap tounen yon
pèlen pou li, epi moun Filisti yo va touye l'. Se konsa Sayil
rele David yon dezyèm fwa, li di l': -Monchè, ou pral vin
bofi mwen. **22** Li pale sou kote ak moun pa l' yo, li ba
yo lòd pou y' al jwenn David an prive pou yo di l': Wa a
kontan ou anpil, epi tout moun pa l' yo renmen ou. Se yon
bon lè koulye a pou ou marye ak pitit fi wa a. **23** Se konsa
y' al di David sa. David reponn yo: -Se bèl bagay pou yon
moun marye ak pitit fi wa a. Men, se yon bagay ki twòp
pou yon moun ki pòv, ki pa anyen tankou m'. **24** Moun
Sayil yo al rapòte wa a sa David te di a. **25** Epi Sayil di
yo: -Men sa n'a di David: Wa a pa bezwen ou ba l' ankenn
lajan pou ou marye ak pitit fi li a. Sèlman sa li ta renmen,
se san po ti kòk moun Filisti. Konsa, l'a tire revanj sou
lènmi li yo. Sayil te fè plan sa a pou David te ka tonbe nan
men moun Filisti yo. **26** Moun Sayil yo al rapòte pawòl
sa yo bay David. David te asepte kondisyon an pou li
marye ak pitit fi wa a. Anvan lè a rive pou yo fè maryaj la,
27 David leve, li pati ak sòlda li yo. Li touye desan (200)
moun Filisti. Li pote po ti kòk yo bay wa a. Li konte yo
yonn pa yonn, li renmèt li yo san manke yonn, pou l' te ka
tounen bofi wa a. Se konsa Sayil marye Mikal, pitit fi li a,
ak David. **28** Lè Sayil vin konprann non sèlman Seyè a te
avèk David, men Mikal, pwòp pitit fi Sayil la, te renmen
David tou, **29** Sayil te vin pè David plis toujou. Depi jou sa
a li te lènmi David jouk jou li mouri. **30** Lame moun Filisti
yo te konn vin atake yo. Men chak fwa, nan tout chèf k'ap
sèvi ak Sayil yo, se toujou David ki te resi kenbe tèt ak yo
pi byen. Tout moun nan peyi a te vin considere l' anpil.

19 Sayil pale ak Jonatan ansanm ak chèf k'ap sèvi
avè l' yo, li di yo li fè lide touye David. Men Jonatan,
pitit gason Sayil la, te renmen David anpil. **2** Li fè David
konnen sa. Li di l': -Sayil, papa m', ap chache touye ou.
Denmen maten, rete sou prigad ou. Al kache kò ou yon
kote. Pa soti menm. **3** Mwen menm, m'ap soti, mwen
pral jwenn papa m' nan jaden kote ou kache a, m'a pale
sou ou ak li. Jan l' reponn mwen, m'a fè ou konnen. **4**
Jonatan t'ap bay bèl pawòl pou David devan papa l', li t'ap
di konsa: -Monwa, piga ou fè David, sèvitè ou la, anyen.
Li menm, li pa janm fè ou anyen. Tou sa li fè toujou sèvi
ou. **5** Li riske lavi li lè l' al touye sòlda Filisti a. Se konsa
Seyè a te delivre tout pèp la, se te bèl bagay. Ou te wè
sa, ou te kontan. Poukisa koulye a ou ta renmen wè malè

rive yon moun inonsan, ou ta vle touye David san l' pa fè
anyen? 6 Sayil koute Jonatan, li fè sèman, li di l': -Mwen
fè sèman devan Seyè a ki vivan, yo p'ap touye David. 7
Jonatan rele David, li rapòte l' tout pawòl sa yo. Apre sa, li
mennen David bay Sayil. Epi David tanmen sèvi wa a
ankò jan li te konn fè anvan an. 8 Lagè pete ankò ak
moun Filisti yo. David leve al atake yo, li goumen ak yo, li
bat yo byen bat, li fè yo kouri met deyò devan li. 9 Yon
jou Seyè a voye yon move lespri ki desann sou Sayil.
Sayil te chita lakay li, li te kenbe frenn li nan men l'. David
menm t'ap jwe mizik. 10 Sayil t'ap chache kloure David
nan miray la ak frenn li, men David eskive kò l', epi frenn
lan al antre nan miray la. David kouri chape kò l'. Menm
jou sa a, nan mitan lannwit, 11 Sayil voye kèk espyon al
veye kay David la pou yo te touye l' nan maten. Men,
Mikal, madan David, avèti mari l'. Li di l': -Si ou pa chape
poul ou lannwit lan, denmen maten ou mouri. 12 Li fè
David soti nan yon fennèt. David kouri, li chape kò l'. 13
Lè sa a, Mikal pran yon zidòl wogatwa, li mete l' kouche
sou kabann lan, li pran yon zòrye fèt ak plim kabrit, li
mete l' nan plas tèt la, epi li kouvri tout ak yon dra. 14
Lè moun Sayil yo vin pou pran David, Mikal di yo David
kouche malad. 15 Men, Sayil voye mesye yo tounen pou
y' al wè David ak je yo. Li di yo: -Mennen l' isit ban mwen
ak tout kabann li an pou m' fè touye l'. 16 Lè mesye yo
antre anndan kay la, yo jwenn estati zidòl wogatwa a sou
kabann lan ak zòrye plim kabrit la kote pou tèt la te ye a.
17 Sayil di Mikal konsa: -Poukisa ou woule m' konsa? Ou
kite lènmi mwen an chape. Mikal reponn li: -Li te di m' si
m' pa kite l' chape, l'ap touye m'! 18 David menm kouri
chape kò l', l' al jwenn Samyèl lavil Rama. Li rakonte l' tou
sa Sayil te fè l'. Apre sa, li menm ansanm ak Samyèl y'
ale rete lavil Najòt. 19 Y' al di Sayil men David te lavil
Najòt nan zòn Rama a. 20 Sayil voye kèk moun al arete
l'. Lè yo rive, yo wè yon gwoup pwofèt ki te gen lespri
Bondye a nan tèt yo, avèk Samyèl kanpe devan yo tankou
chèf yo. Lamenm lespri Bondye a desann nan tèt moun
Sayil te voye yo, epi yo pran fè menm bagay ak pwofèt
yo. 21 Yo vin di Sayil sa. Lè sa a, li voye lòt moun ankò.
Yo menm tou, yo pran fè menm bagay ak pwofèt yo tou.
Yon twazyèm fwa, Sayil voye lòt moun ankò. Yo menm
tou, yo pran fè menm bagay ak pwofèt yo. 22 Lè sa a,
Sayil leve, l' ale li menm lavil Rama. Lè li rive bò gwo
sitèn dlo ki lavil Sekou a, li mande kote Samyèl ak David
ye. Yo di l' yo lavil Najòt nan zòn Rama a. 23 Li pati dèyè
yo. Antan l'ap mache konsa, lespri Bondye a desann nan
tèt li tou. Li t'ap fè menm bagay ak pwofèt yo sou tout
wout la, jouk li rive devan lavil Najòt nan zòn Rama a.
24 Li wete tout rad sou li, li fè tankou pwofèt yo devan
Samyèl. Apre sa, li tonbe atè a toutouni. Li rete tout rès
jounen an ak tout lannwit lan atè a konsa. Se depi lè sa a,
yo di: Menm Sayil gen lè pwofèt tou?

20 David kouri kite lavil Najòt nan zòn Rama a, li chape
kò l', l' al jwenn Jonatan epi li di l': -Kisa m' fè?
Kisa m' fè ki mal? Kisa m' fè papa ou pou li vle touye m'
konsa? 2 Jonatan reponn li: -Mande Bondye padon, ou
p'ap mouri! Papa m' pa fè anyen san li pa di m'. Pa gen
rezon pou l' ta kache m' sa. Se pa vre, monchè! 3 Men
David sèmante, li di l' konsa: -Papa ou konnen jan ou
renmen m'. Li ka di nan kè l': mwen p'ap kite Jonatan
konnen sa mwen gen lide fè a pou sa pa fè l' lapenn.
M'ap fè ou sèman devan Bondye, sa ki rete pou m' mouri
a pa anyen. 4 Jonatan di l': -Sa ou vle m' fè pou ou! 5
David reponn li: -Denmen se fèt lalin nouvèl. Mwen te
sipoze manje ansanm ak wa a. Men, avèk pèmisyon ou,
m'ap pati, mwen pral kache nan bwa jouk apre denmen
nan aswè. 6 Si papa ou wè mwen pa la epi li mande pou
mwen, w'a di l' mwen te mande ou pèmisyon pou m' kouri
rive lakay mwen, lavil Betleyèm, paske se lè pou yo fè
sèvis ofrann bèt pou yo fè chak lanne pou tout fanmi
mwen. 7 Si li di li dakò, w'a konnen mwen sove. Men, si li
fè kolè, w'a konnen li soti vre pou li touye m'. 8 Tanpri,
mwen menm k'ap sèvi ou la, m'ap mande ou yon favè,
paske se Seyè a, Bondye menm, ki te fè ou mare zanmi
avè m'. Pa kite anyen rive m'. Si m' antò, se ou menm ki
pou touye m'. Pa kite m' rive devan papa ou! 9 Jonatan di
li: -Wete sa nan lide ou, monchè! Si mwen vin konnen
papa m' soti vre pou touye ou, m'ap avèti ou! 10 David di
li: -Ki moun ki va fè m' konnen si papa ou reponn ou mal?
11 Jonatan di li: -Ann al deyò nan jaden yo. Epi yo tou
de soti, y' al nan jaden yo. 12 Lèfini, Jonatan di David
konsa: -Mwen pran Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, pou
temwen. Denmen lè konsa, mwen pral mande papa m'
sa ki genyen. M'ap fè menm bagay la tou apre denmen.
Si mwen wè li pa gen ankenn move santiman nan kè li
pou ou, m'ap voye komisyon ba ou. 13 Men, si li fè lide
pou li touye ou, mwen mande Bondye pou l' ban mwen
pi gwo pinisyon ki genyen, si mwen pa voye komisyon
ba ou pou ou chape kò ou. Mwen mande pou Seyè a
toujou la avè ou, menm jan li te konn kanpe la avèk papa
m'. 14 Bon, koulye a menm, si lè sa a mwen poko mouri,
tanpri kenbe pwomès ou te fè m' devan Bondye a. Pa
lage m'. 15 Toujou aji byen ak moun lakay mwen. Menm
lè Seyè a va fin disparèt tout lènmi ou yo sou latè, 16 piga
ou janm kase kontra zanmi nou te pase yonn ak lòt la
nan non fanmi nou. Si ou kase l', se pou Bondye pini ou.
17 Jonatan fè David pwomèt li ankò l'ap toujou renmen
l', paske li menm Jonatan li te renmen David tankou li
renmen pwòp tèt pa li. 18 Apre sa, Jonatan di David: -
Denmen se fèt lalin nouvèl la, y'ap wè ou pa la, paske plas
ou ap rete vid. 19 Apre denmen y'ap wè ou pa la menm.
Lè sa a, w'a desann, w'a ale kote ou te kache dènye fwa
a. W'a rete kache dèyè pil wòch Ezèl la. 20 Mwen menm,
m'a tire twa flèch nan direksyon pil wòch la, tankou se pil
wòch la menm m'ap vize. 21 Lèfini, m'a rele domestik
mwen an, m'a voye l' al chache flèch yo pote ban mwen.
Si ou tande mwen di l': Gade, flèch yo tonbe bò isit anvan
yo gen tan rive kote ou ye a, al pran yo pou mwen, sa vle
di ou pa bezwen pè anyen, ou mèt vini. Mwen fè sèman
nan non Seyè a, anyen p'ap rive ou. 22 Men, si mwen di

domestik la: flèch yo tonbe bò lòt bò, yo depase kote ou
ye a, leve met deyò, paske se Seyè a menm k'ap voye ou
ale. 23 Pou pwomès nou fè yonn bay lòt la, Seyè a ap fè
n'ap kenbe l' pou tout tan. 24 Se konsa David t' al kache
kò li nan jaden yo. Lè fèt lalin nouvèl la rive, wa Sayil vin
chita bò tab la pou l' manje. 25 Li te chita nan plas li, sou
fotèy bò miray la. Jonatan te chita bò tab la tou anfas wa
a. Abnè menm te chita sou kote wa a. Plas David la te
vid. 26 Jou sa a, Sayil pa t' di anyen, paske li t'ap di nan
kè l': Se yon bagay ki dwe rive l'. Li pa nan kondisyon pou
fè sèvis pou Bondye. Sèten, li pa nan kondisyon vre pou
l' sèvi Bondye. 27 Men, nan denmen, jou apre jou lalin
nouvèl la, plas David la te vid ankò. Sayil mande Jonatan:
-Poukisa David, pitit Izayi a, pa vin manje ni ayè, ni jòdi
a? 28 Jonatan reponn li: -Li te mande m' pèmisyon pou l'
al lavil Betleyèm. 29 Li te di m': Tanpri, kite m' ale paske
fanmi nou ap fè yon sèvis ofrann bèt nan lavil Betleyèm.
Frè m' yo te voye lòd ban mwen pou m' la. Si ou se zanmi
m', kite m' al wè fanmi m' yo. Se poutèt sa li pa nan plas li
bò tab wa a. 30 Sayil fè yon sèl kòlè sou Jonatan, li di l': -
Ou se yon loraj kale! Koulye a mwen konnen se pran w'ap
pran pou David. Se yon wont pou ou! Se yon wont pou
manman ou! 31 Men, m' fè ou konnen toutotan pitit Izayi
sa a vivan, ou p'ap janm wa nan peyi a, ou p'ap janm ka
gouvènen. Voye chache l' mennen ban mwen. Se pou l'
mouri. 32 Men Jonatan reponn: -Pouki pou yo touye l' la?
Kisa li fè? 33 Lè sa a, Sayil leve frenn li tankou si li ta vle
voye l' sou Jonatan. Jonatan vin wè papa l' te soti pou
touye David vre. 34 Li leve soti bò tab la, li te fache anpil.
Jou sa a, li pa manje anyen. Se te dezyèm jou fèt lalin
nouvèl la. Sa te fè l' lapenn anpil pou David, paske papa l'
te pale David mal. 35 Nan denmen maten, Jonatan leve, l'
al nan jaden yo pou l' wè David jan li te pwomèt li a. Li
pran yon jenn gason avè l'. 36 Epi li di l': -Kouri non. Ou
pral chache flèch mwen pral tire yo. Ti gason an pran
kouri. Jonatan voye flèch la pou l' depase ti gason an. 37
Lè ti gason an rive kote flèch la te tonbe a, Jonatan pale
byen fò, li di l' konsa: -Flèch la pi devan an toujou! 38 Pa
kanpe la konsa. Fè vit non! Ti gason an ranmase flèch la,
li pote l' tounen bay mèt li. 39 Li pa t' konnen sa sa te vle
di. Sèl Jonatan ak David te konnen. 40 Jonatan bay ti
gason an tout zam li yo, epi li di l' pote yo tounen lavil pou
li. 41 Lè ti gason an fin ale, David soti dèyè pil wòch la, li
lage kò l' atè, li bese twa fwa devan Jonatan. Apre sa,
li menm ak Jonatan, yo tonbe yonn nan bra lòt, yo t'ap
kriye. Men David te nan pi gwo lapenn pase Jonatan. 42
Apre sa, Jonatan di David konsa: -Ale ak kè poze! Nou te
fè sèman devan Seyè a pou nou toujou zanmi. Bondye va
fè fanmi nou toujou rete zanmi tou. Lè sa a, David leve, l'
ale fè wout li. Jonatan menm tounen lavil la.

21 David ale lakay Akimelèk, prèt la, nan lavil Nòb.
Akimelèk soti vin kontre l', li te tou ap tranble. Li di l'
konsa: -Poukisa ou vin pou kont ou, san moun avè ou? 2
David reponn li: -Wa a voye m' regle yon bagay pou li.
Li di m' pa kite pesonn konnen sa li voye m' fè a. Pou
moun ki avè m' yo, mwen ba yo randevou yon kote. 3
Bon, koulye a, kisa ou gen la a pou moun manje? Ban m'
senk pen ou nenpòt lòt sa ou genyen. 4 Prèt la di l': -
Mwen pa gen pen òdinè la a non. Sèl sa mwen genyen se
pen yo mete apa pou Bondye. Mwen ka ba ou li, si ou
konnen mesye ou yo pa nan anyen ak fanm depi kèk jou.
5 David reponn li: -Se toujou konsa, lè nou nan misyon,
nou pa nan anyen ak fanm menm. Sou pwen sa a, depi
m'ap soti ak mesye m' yo, li te mèt pou yon misyon òdinè,
mesye m' yo fèt pou toujou nan kondisyon pou yo fè sèvis
Bondye, ale wè fwa sa a se pou yon misyon espesyal.
6 Se konsa prèt la pran nan pen yo te mete apa pou
Bondye yo, li ba li paske sèl sa li te genyen se pen yo te
ofri bay Bondye chak jou a. Yo te fèk wete yo sou tab la
devan Seyè a pou yo te mete lòt pen fre. 7 Men jou sa a,
Doèg, yon moun peyi Edon, yonn nan domestik Sayil yo,
te la tou, paske li te gen yon bèt pou l' te ofri pou Seyè
a. Se li ki te chèf tout gadò mouton Sayil yo. 8 David di
Akimelèk ankò: -Eske ou gen yon frenn osinon yon nepe
la a ou ka ban mwen? Paske, wa a te ban m' lòd pou
m' te pati prese prese, mwen pa t' gen tan pran ni nepe
mwen, ni ankenn lòt zam. 9 Akimelèk di li: -Mwen gen
nepe Golyat, sòlda Filisti ou te touye nan Fon Bwadchenn
lan. Men li la dèyè Bwat kontra a, li vlope nan yon moso
twal. Si ou vle l', ou mèt pran l'. Se sèl zam ki gen isit la.
David di li: -Ban mwen li non! Pa gen pi bon pase l'. 10
Lèfini, David pati, li sove pou Sayil, l' ale lakay Akich, wa
lavil Gat la. 11 Moun wa Akich yo di wa a konsa: -Se pa
David sa, wa peyi a? Se pou li medam yo te fè chante yo
t'ap chante lè yo t'ap danse a, chante ki di: Sayil desann
mil! David desann dimil! 12 Pawòl sa yo te aji anpil sou
David. Li vin pè Akich, wa lavil Gat la. 13 Li pran pòz
moun fou li devan yo tout. Li aji tankou yon moun fou lè
yo mete men sou li. Li pran fè grabji ak dwèt li sou pòt yo,
li kite bave koule sou tout bab li. 14 Lè sa a, Akich di
moun li yo: -Nou pa wè se yon moun fou? Poukisa nou
mennen l' ban mwen? 15 Mwen pa gen kont moun fou
avè m' deja? Poukisa nou mennen sa a ankò vin plede fè
tenten andedan lakay mwen an?

22 David kite lavil Gat, li sove, l' al kache nan yon gwòt
toupre lavil Adoulam. Lè frè l' yo ak rès fanmi li vin
konn sa, yo tout desann al jwenn li la. 2 Lè sa a, tout
moun ki te gen pwoblèm, tout moun ki te dwe lajan, tout
moun ki pa t' kontan sitiyasyon an vin jwenn li. David vin
chèf yo. Te gen katsan (400) gason konsa antou. 3 David
kite kote l' te ye a, l' ale lavil Mispa nan peyi Moab. Epi li
di wa Moab la: -Tanpri, kite papa m' ak manman m' vin
rete isit la lakay ou, jouk mwen rive konnen sa Bondye vle
fè avè m'. 4 Se konsa David mennen papa l' ak manman
l' lakay wa Moab la. Yo rete la pandan tout tan David te
rete kache nan gwòt la. 5 Yon pwofèt yo rele Gad vin di
David: -Piga ou rete nan gwòt la. Pati koulye a. Ale nan
peyi Jida! David pati vre, l' al nan rakbwa Erèt la. 6 Sayil
menm te lavil Gibeya, chita anba pye tonmaren ki sou
mòn lan, avèk frenn li nan men l'. Tout chèf ki t'ap sèvi

avè l' yo te kanpe la bò kote l'. Li te pran nouvèl moun te
vin konnen kote David ak mesye l' yo te ye. 7 Epi Sayil di
chèf ki t'ap sèvi avè l' yo: -Nou menm fanmi Benjamen yo,
koute! Eske nou mete nan lide nou David, pitit gason Izayi
a, pral ban nou jaden ak pye rezen tou? Eske l'ap fè nou
kaptenn ak chèf nan lame li a? 8 Se poutèt sa nou tout
n'ap fè konplo sou mwen. Nou yonn pa di m' pwòp pitit
gason m' lan te koupe kontra ak David, pitit gason Izayi a?
Pa gen yonn nan nou ki pran lapenn pou mwen. Pesonn
pa vin di m' pitit gason mwen an ap moute tèt David sou
do mwen, yon moun ki t'ap sèvi avè m', epi ki koulye a ap
chache mwayen pou li touye m'. 9 Doèg, moun peyi Edon
an ki te chèf tout moun k'ap travay ak Sayil yo, di l' konsa:
-Mwen te wè David, pitit gason Izayi a lè li t' ale lavil Nòb,
lakay Akimelèk, pitit gason Akitoub la. 10 Akimelèk te pale
ak Seyè a pou David. Apre sa, li bay David kèk pwovizyon
ansanm ak nepe Golyat, sòlda Filisti a. 11 Se konsa, wa a
voye rele Akimelèk, prèt la, pitit gason Akitoub la, ansanm
ak tout fanmi l' yo ki te prèt tou nan lavil Nòb. Yo tout
moute kay wa a. 12 Sayil di Akimelèk: -W'ap tande m',
pitit gason Akitoub la? Akimelèk reponn li: -M'ap tande ou
wi, monwa! 13 Sayil mande l': -Poukisa ou mete tèt ou
ansanm ak David, pitit gason Izayi a, pou nou fè konplo
sou mwen? Poukisa ou ba li pwovizyon ansanm ak yon
nepe? Poukisa ou pale ak Seyè a pou li? Koulye a, men li
leve dèyè m', l'ap chache okazyon pou li touye m'. 14
Akimelèk reponn li: -Nan tout moun k'ap sèvi avè ou yo,
pa gen yonn ki renmen ou tankou David. Se bofi ou li ye,
li fè pati gad kò ou yo. Tout moun lakay ou respekte l'.
15 Se pa jòdi a premye fwa mwen pale ak Seyè a pou
li, mande Bondye padon. Monwa, ou pa bezwen akize
ni mwen ni pesonn nan fanmi m' n'ap fè konplo sou ou.
Mwen pa konn anyen sou koze sa a, monwa! 16 Wa a di
l' konsa: -Akimelèk, yo pral touye ou, ou menm ansanm
ak tout fanmi ou yo. 17 Lèfini, li di gad ki te kanpe bò kote
l' yo: -Touye prèt Seyè yo. Yo menm tou y'ap fè konplo
ak David la. Yo te konnen byen pwòp se sove msye t'ap
sove, yo pa di m' anyen. Men gad yo refize leve men
yo sou prèt Seyè a pou touye yo. 18 Lè sa a, Sayil di
Doèg: -Ou menm, touye prèt yo: Epi Doèg touye yo tout.
Jou sa a, li touye katrevensenk prèt Seyè a. 19 Sayil fè
touye tout moun ki te rete nan Nòb, lavil prèt yo: fanm kou
gason, timoun, ti bebe nan tete, ansanm ak bèf, bourik,
ak mouton. Yo touye tout. 20 Sèl Abyata, yonn nan pitit
gason Akimelèk yo, te resi chape kò l'. Li kouri l' al jwenn
David. 21 Li rakonte David ki jan Sayil te masakre tout
prèt Seyè yo. 22 David di l' konsa: -Depi mwen te wè
Doèg, nèg peyi Edon an, la, mwen te konnen li pa t'ap
pa di Sayil sa. Se mwen menm ki reskonsab lanmò tout
fanmi ou yo. 23 Ou mèt rete avè m'. Ou pa bezwen pè.
Koulye a Sayil pral chache touye ni ou ni mwen. Bò kote
m', anyen p'ap rive ou.

23 Yon jou, David vin konnen moun Filisti yo t' al atake
lavil Keyila, yo t'ap vòlò tout grenn jaden moun yo
te gen sou glasi yo. 2 Lè sa a, David al mande Seyè
a: -Eske mwen mèt al atake moun Filisti yo? Seyè a di
David: -Ou mèt ale! Atake yo. Delivre lavil Keyila. 3 Men,
moun David yo di l' konsa: -Kote nou ye bò isit la nan
peyi Jida, nou te pè kont kò nou deja. Sa pral pi rèd pou
nou si se pou n' al lavil Keyila pou n' goumen ak lame
moun Filisti yo. 4 David tounen al pale ak Seyè a ankò.
Seyè a reponn li: -Leve non! Desann lavil Keyila, paske
m'ap lage moun Filisti yo nan men ou. 5 Se konsa, David
mache sou lavil Keyila avèk tout moun ki te avè l' yo. Li
atake moun Filisti yo. Li touye anpil nan yo, epi li pran tout
zannimo yo. Se konsa David te delivre moun lavil Keyila
yo. 6 Lè Abyata, pitit gason Akimelèk la, te sove al jwenn
David, li te desann lavil Keyila avèk Bwat Kontra Bondye a
nan men l'. 7 Yo vin di Sayil David te desann lavil Keyila.
Epi Sayil di: -Bondye lage l' nan men m' koulye a. Gade ki
jan David al fèmen kò l' nan yon lavil ki gen gwo miray ak
gwo pòtay byen solid! 8 Se konsa Sayil fè rele tout lame li
a pou y' al goumen, pou yo mache sou lavil Keyila, pou yo
sènen David ansanm ak tout moun ki te avè l' yo. 9 Lè
David tande Sayil te fè lide vin atake l', li rele Abyata, prèt
la, li di l' konsa: -Pote Bwat Bondye a vini! 10 Epi David
di: -Seyè, ou menm ki Bondye pèp Izrayèl la, mwen tande
yo di Sayil pare pou l' antre lavil Keyila, pou l' kraze l' nèt
e se dèyè m' li ye. 11 Eske moun lavil Keyila yo pral lage
m' nan men l'? Eske se tout bon Sayil ap desann jan yo di
m' li an? O Seyè, Bondye pèp Izrayèl la, tanpri, di m' si se
vre? Seyè a reponn: -Sayil ap desann vre! 12 David di li: -
Eske moun lavil Keyila yo pral lage m' nan men Sayil?
Seyè a reponn: -Y'ap fè l' vre. 13 Se konsa David leve
ansanm ak tout moun ki te avè l' yo. Yo te sisan (600)
konsa. Yo kite lavil Keyila lamenm, yo pati, yo pran mache
san konnen kote yo prale. Lè Sayil vin konnen David te
chape soti lavil Keyila, li chanje lide, li pa mache sou
Keyila ankò. 14 David te rete kache nan falèz ki nan dezè
Zif la, Sayil menm chak jou t'ap chache l'. Men, Bondye
pa janm lage David nan men Sayil. 15 Atousa David te pè
toujou paske li te konnen Sayil te soti pou touye l'. David
te bò lavil Oreya, nan dezè Zif la. 16 Jonatan, pitit Sayil la,
al jwenn li la, li t'ap ba l' kouraj. Li t'ap di l' ki jan Bondye
ap toujou la avèk li. 17 Li t'ap di l' konsa: -David monchè,
ou pa bezwen pè! Sayil, papa m', p'ap janm ka jwenn ou.
Se ou menm ki gen pou wa pèp Izrayèl la. Mwen menm,
m'ap vin apre ou. Ata Sayil, papa m', konn sa tou! 18 De
mesye yo koupe yon kontra pou yo toujou zanmi devan
Seyè a. David rete lavil Oreya, Jonatan ale ale l' lakay li.
19 Kèk moun nan zòn Zif la moute al jwenn Sayil lavil
Gibeya, y' al di l': -Men David kache nan peyi nou an, nan
falèz ki bò lavil Oreya, sou mòn Akiya ki nan bò sid dezè
Jida a. 20 Nenpòt kilè ou fè lide desann lakay nou, ou
mèt desann, n'a mete men sou li pou nou ba ou li. 21
Sayil reponn yo: -Se pou Seyè a beni nou pou sa n'ap fè
pou mwen la a. 22 Ale non. Ale wè si se vre. Se pou
nou chache konnen byen kote li fè, ki moun ki wè l' la.
Paske yo di m' li malen anpil. 23 Chache konnen tout
kote li kab kache. Epi lè n'a sèten tout bon, n'a tounen vin

jwenn mwen. Lè sa a, m'a desann avèk nou. Si li la toujou
nan peyi a, m' aval chache l', menm si m' dwe fouye nan
tout rakwen peyi Jida a. 24 Se konsa moun Zif yo leve,
yo pran devan wa a, yo pati pou peyi yo. David menm
ansanm ak moun li yo te nan dezè Maon an, nan fon ki
nan pòsyon sid dezè a. 25 Sayil ak moun pa l' yo mete
chache David. Men David vin konn sa. Li desann nan Pas
Galèt la, ki nan dezè Maon an. Epi li rete la. Lè Sayil vin
konn sa, li desann dèyè David nan dezè Maon an. 26
Sayil ak mesye l' yo t'ap mache sou yon bò ravin lan sou
flan mòn lan. David menm ak mesye pa l' yo t'ap mache
sou lòt bò a, sou flan mòn anfas la tou. Li t'ap kouri pou l'
te ka mete bèl distans ant li ak Sayil ki t'ap pwoche dèyè
l'. Sayil te prèt pou mete men sou li. 27 Lè sa a, yon
mesaje vin jwenn Sayil, li di l' konsa: -Tounen touswit,
paske men moun Filisti yo ap anvayi peyi a. 28 Sayil
sispann kouri dèyè David, l' al mache kontre moun Filisti
yo. Se poutèt sa yo rele ravin sa a Galèt Separasyon. 29
David menm ale nan falèz Angedi yo, li rete kache la.

24 Lè Sayil tounen soti fè lagè ak moun Filisti yo, yo
vin di l' David te nan dezè Angedi a. 2 Sayil pran
twamil (3000) sòlda nan pèp Izrayèl la, sa ki te fò anpil
nan fè lagè. Epi li pati al chache David ak mesye l' yo sou
solèy leve Wòch Kabrit mawon yo. 3 Li rive devan yon
gwòt ki te toupre yon pak mouton bò wout la. Li antre
nan gwòt la al fè bezwen li. David menm te kache nan
fon gwòt la ansanm ak mesye l' yo. 4 Mesye yo di David
konsa: -Men chans ou, men okazyon Seyè a te di l'ap ba
ou a. Seyè a te di: L'ap lage lènmi ou la nan men ou, w'a
fè sa ou vle avè l'. David leve, li mache tou dousman, li
koupe yon moso nan rad Sayil san Sayil pa konn sa. 5
Men apre sa, konsyans David repwoche l' pou ke rad Sayil
li te koupe a. 6 Li di moun li yo: -Mande Bondye padon!
Mwen p'ap fè bagay konsa sou mèt mwen, moun Bondye
chwazi pou wa a. Mwen p'ap janm leve men mwen sou li,
paske se Seyè a menm ki te chwazi l' pou wa. 7 David
pale ak mesye l' yo pou yo wete lide konsa nan tèt yo. Li
pa kite yo fè Sayil anyen. Sayil leve, li soti nan gwòt la, li
mache al fè wout li. 8 Lè sa a, David soti dèyè l', li rele
l': -Monwa! Monwa! Sayil vire gade dèyè li. David tonbe
ajenou, li bese tèt li jouk atè. 9 Epi li di: -Poukisa w'ap
koute moun k'ap di ou m'ap chache fè malè sou ou? 10
Gade, jòdi a ou wè ak je ou ki jan Seyè a te lage ou nan
men m' anndan gwòt la. Gen moun ki di m' se pou m' te
touye ou. Men, kè m' fè m' mal pou ou. Mwen di mwen
p'ap janm leve men m' sou mèt mwen, paske se Seyè a
menm ki te chwazi ou pou wa. 11 Gade, papa mwen! Men
yon moso ke rad ou nan men m'! Mwen koupe moso ke
rad ou, men mwen pa t' touye ou. Koulye a ou konnen, ou
wè mwen pa gen anyen dèyè tèt mwen, mwen pa gen
ankenn lide mechanste nan tèt mwen. Mwen pa fè ou
anyen ki mal. Se ou menm k'ap chache touye m'. 12 Se
pou Seyè a jije ant nou de a kilès ki antò! Se pou Seyè a
pini ou pou sa w'ap fè m' la a, paske mwen menm, mwen
p'ap janm leve men m' sou ou. 13 Jan pwovèb granmoun
lontan yo di: Se moun mechan ki fè mechanste! Men
mwen p'ap leve men m' sou ou. 14 Dèyè ki moun wa pèp
Izrayèl la ye konsa? Dèyè ki moun l'ap kouri konsa? Dèyè
yon chen mouri? Dèyè yon ti pis? 15 Seyè a va sèvi nou
jij! L'a jije ant nou de a kilès ki antò! Se pou l' mete bouch
nan zafè a, pou l' pran defans mwen, pou l' delivre m'
anba men ou. 16 Lè David fin pale, Sayil di: -Se pa vwa
David, pitit gason m' lan, sa? Epi li pran kriye. 17 Li di
David konsa: -Ou gen rezon. Se mwen ki antò! Ou te aji
byen avè m'. Se mwen menm ki te aji mal avè ou. 18
Jòdi a ankò, ou fè m' wè se byen ou vle fè pou mwen
paske, atout Seyè a lage m' nan men ou, ou pa touye m'.
19 Lè yon moun jwenn okazyon pou l' mete men l' sou
lènmi l', èske l'ap kite l' al fè wout li san li pa fè l' anyen?
Bondye va beni ou pou sa ou fè pou mwen jòdi a. 20
Koulye a, mwen konnen ou gen pou ou wa vre. Avèk ou
menm wa pèp Izrayèl la, gouvènman an ap kanpe fèm.
21 Men tanpri, pwomèt mwen, nan non Seyè a, ou p'ap
touye pitit mwen yo lè m'a mouri, pou non m' pa disparèt
nan fanmi papa m'. 22 David pwomèt Sayil li p'ap fè sa.
Apre sa, Sayil al lakay li. David menm tounen nan kachèt
li ansanm ak mesye pa l' yo.

25 Samyèl mouri, tout pèp Izrayèl la sanble pou yo
kriye lanmò li. Lèfini, yo antere l' anndan lakay li
lavil Rama. Apre sa, David pati, li desann nan dezè Paran
an. 2 Te gen yon nonm moun lavil Maon ki te gen bitasyon
l' lavil Kamèl. Nonm lan te rich anpil: li te gen twamil
(3.000) tèt mouton ak mil (1000) tèt kabrit. Lè sa a, msye
te lavil Kamèl pou fè taye lenn mouton l' yo. 3 Msye te
rele Nabal, madanm li te rele Abigayèl. Se te yon fanm
ki te gen anpil lespri, lèfini li te bèl. Men, mari a te gen
move jan, li pa t' konn boule byen ak moun menm. Se te
fanmi moun Kalèb yo. 4 Antan David nan dezè a, li vin
konnen Nabal t'ap taye lenn mouton l' yo. 5 Li voye dis
jenn gason bò kote l'. Li di yo konsa: -Moute lavil Kamèl,
ale lakay Nabal, n'a di l' mwen voye bonjou pou li. 6 Men
sa n'a di l': David, frè ou, voye bonjou pou ou ak pou tout
moun lakay ou. Li swete tout bagay ap mache byen lakay
ou. 7 Li tande ou ap taye lenn mouton ou yo. Li voye di ou
lè gadò mouton ou yo te avèk nou, nou pa t' janm fè yo
anyen. Yo pa janm pèdi anyen pandan tout tan yo te nan
zòn Kamèl la. 8 Ou mèt mande yo, y'a di ou. David voye
mande ou pou resevwa mesye pa l' yo byen, paske se
yon jou fèt nou rive isit la. Tanpri, mèt! Bay sa ou genyen
pou nou k'ap sèvi ou, ak pou David, zanmi ou lan. 9
Mesye David yo rive vre, yo bay Nabal komisyon an nan
non David. Epi yo rete tann. 10 Apre yon ti tan, Nabal
reponn yo: -David? Pitit gason Izayi a? Mwen pa konnen l'
non. Atò, koulye peyi a plen yon bann domestik ki sove
kite lakay mèt yo. 11 Anhan! Pou m' pran pen ak dlo lakay
mwen ak vyann bèt nou fè touye pou gadò mouton m' yo,
pou m' bay yon bann moun mwen pa konnen kote yo
soti? 12 Mesye yo tounen al jwenn David. Lè yo rive,
yo rapòte ba li tou sa Nabal te di. 13 David di yo: -Pran

nepe nou, pase yo nan ren nou. Yo tout pase nepe yo nan
ren yo. David tou. Lèfini, katsan (400) nan mesye yo ale
avèk David. Lòt desan yo (200) rete dèyè ak pwovizyon
yo. 14 Yonn nan domestik Nabal yo al avèti Abigayèl,
madanm Nabal, li di l': -David te voye kèk mesaje soti nan
dezè a avèk bèl bonjou pou mèt nou an. Men li menm, li
pale mal ak yo. 15 Men, mesye sa yo te bon pou nou: Yo
pa t' janm chache nou kont. Nou pa t' janm pèdi anyen
pandan tout tan nou te la ansanm ak yo nan savann lan.
16 Yo te pwoteje nou lajounen kou lannwit pandan tout tan
nou te la nan mitan yo ap pran swen bann mouton nou
yo. 17 Koulye a, kalkile byen sa ou wè ou ka fè, paske
bagay la ka vire mal ni pou mèt nou ni pou tout fanmi l'.
Mari ou sitèlman gen move jan, moun pa ka pale ak li. 18
Abigayèl prese pran desan (200) pen, de gwo veso an po
bèt plen diven, senk mouton tou kwit, de barik grenn griye,
san mamit rezen chèch, desan (200) gato fèt ak figfrans
chèch, li chaje tou sa sou bourik. 19 Lèfini, li di domestik
li yo: -Nou mèt pran devan, mwen menm mwen dèyè.
Men li pa di Nabal, mari l' anyen. 20 Abigayèl te moute
sou yon bourik. Li t'ap desann yon ti mòn lè li rive nan
yon koub, li tonbe bab pou bab ak David ki t'ap mache
sou li ansanm ak mesye l' yo. Yo kontre. 21 David t'ap di
nan kè li: -Sa m' te bezwen pwoteje tou sa nonm sa a te
genyen nan dezè a fè? Li pa janm pèdi anyen nan sa ki te
pou li. Epi se konsa l'ap peye m' pou tout byen mwen fè
pou li yo? 22 Se pou Bondye ban m' pi gwo pinisyon ki
genyen si anvan denmen maten mwen pa touye dènye
moun lakay li, granmoun kou timoun. 23 Wè Abigayèl
wè David, li kouri desann bourik li a, li lage kò l' ajenou
devan David, li bese tèt li jouk atè. 24 Apre sa, li lage
kò l' nan pye David, li di l' konsa: -Tanpri, chèf mwen,
ban m' pèmisyon pale avè ou. Tout fòt la se pou mwen.
Koute sa m'ap di ou. 25 Tanpri, pa okipe nonm yo rele
Nabal la. Se yon vòryen. Se pa pou gremesi yo rele l'
Nabal ki vle di moun fou. Mwen menm, mèt, mwen pa t'
wè mesye ou te voye yo. 26 Se Seyè a menm ki anpeche
ou mete san deyò pou pran revanj ou. Koulye a, mwen fè
sèman devan Seyè a ak devan ou menm, mèt mwen, se
pou tout lènmi ou yo, tout moun ki ta vle fè ou mal, fini
tankou Nabal. 27 Koulye a, mèt mwen, men sa mwen
pote fè ou kado pou ou bay moun k'ap mache avè ou yo.
28 Tanpri, mèt, padonnen sa mwen fè ki mal. Seyè a va
ba ou yon fanmi ki p'ap janm disparèt, paske batay w'ap
mennen yo se batay Seyè a yo ye. Ou p'ap janm fè anyen
ki mal nan tout lavi ou. 29 Si yon moun konprann pou li
atake ou, si l'ap chache touye ou, Seyè a, Bondye ou
la, va pwoteje ou. L'a sere ou bò kote l' tankou lè yon
moun ap sere yon bagay li renmen anpil. Men l'ap pran
lènmi ou yo, l'ap voye yo jete byen lwen tankou lè yon
moun ap voye wòch nan fistibal. 30 Konsa, lè Seyè a va
fè pou ou tout bèl bagay li te pwomèt ou yo, lè l'a mete ou
chèf sou pèp Izrayèl la, 31 wi, lè sa a, mèt mwen, ou
p'ap bezwen nan règrèt, ni konsyans ou p'ap boulvèse
deske ou te mete san moun deyò san rezon osinon deske
ou te pran revanj ou sou moun. Lè Seyè a va beni ou,
tanpri pa bliye m'. 32 David di Abigayèl konsa: -Lwanj pou
Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, ki voye ou jòdi a vin kontre
avè m'! 33 Kite m' di Bondye mèsi pou bon konprann ou
genyen an, pou ou menm tou deske jòdi a ou vin kenbe
men m' pou m' pa mete san moun deyò, pou m' pa tire
revanj mwen mwen menm. 34 Seyè a pa kite m' fè ou
anyen. Men tou, si ou pa t' prese vin kontre avè m', mwen
fè sèman devan Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, anvan
denmen maten tout gason fanmi Nabal yo, ata ti gason
piti yo, t'ap pèdi lavi yo. 35 Abigayèl renmèt David tou sa
li te pote, epi David di l': -Tounen lakay ou ak kè poze!
Mwen koute tou sa ou di m' la a. Ou pa bezwen bat kò
ou. 36 Abigayèl tounen al jwenn Nabal lakay li. Nabal t'ap
fè yon gwo resepsyon, parèy ak resepsyon wa yo konn fè.
Nabal te sou anpil, kè l' te kontan. Madanm lan pa di l'
anyen jouk nan denmen maten. 37 Nan maten, lè Nabal
fin desoule, madanm li rakonte l' tout bagay. Msye fè yon
kriz kè, li vin paralize nan tout kò l'. 38 Dis jou apre sa,
Seyè a frape Nabal, Nabal mouri. 39 Lè David vin konnen
Nabal mouri, li di: -Lwanj pou Seyè a! Li fè Nabal peye
wont li te fè m' lan, li kenbe men m' pou m' pa fè sa ki mal.
Seyè a fè mechanste Nabal la tonbe sou pwòp tèt li. Apre
sa a David voye di Abigayèl li ta renmen l' pou madanm.
40 Moun David yo al jwenn Abigayèl lavil Kamèl. Yo pale
avè l', yo di l' konsa: -David voye nou bò kote ou pou nou
mennen ou ba li pou l' sa marye avè ou. 41 Abigayèl leve,
li lage kò l' ajenou, li bese tèt li atè epi li di: -Se domestik
li mwen ye, mwen tou pare pou m' lave pye moun pa l'
yo. 42 Abigayèl leve byen vit, li moute bourik li. Li pran
senk jenn fi ki t'ap sèvi avè l' lakay li. Li pati ak mesaje
David yo. Se konsa li vin madanm David. 43 David te
deja marye ak Akinoam, moun lavil Jizreyèl. Li vin pran
Abigayèl koulye a, sa te fè l' de madanm. 44 Sayil menm
bò pa l' te pran Mikal, pitit fi li a ki te madanm David, li
marye l' ak Palti, pitit gason Layis, moun lavil Galim.

26 Moun ki rete nan dezè Zif yo al jwenn Sayil lavil
Gibeya, yo di l': -Men David kache sou ti mòn Akila
a, sou limit dezè peyi Jida a. 2 Sayil pati lamenm avèk
twamil (3000) sòlda nan pi bon sòlda peyi Izrayèl la. Li
desann nan dezè Zif la al dèyè David. 3 Li moute kan li
sou ti mòn Akila a, toupre wout la, sou limit dezè a. David
menm te nan dezè a toujou. Lè li vin konnen Sayil te vin
dèyè l' nan dezè a, 4 li voye kèk espyon. Yo vin di l' Sayil
te desann vre nan dezè a. 5 David leve, li pati pou kote
Sayil te moute kan lame li a. Li gade pozisyon kote Sayil
ak kòmandan lame li a, Abnè, pitit gason Nè a, te kouche.
Sayil te kouche nan mitan, tout sòlda yo te kouche bò
kote l'. 6 David pale ak Akimelèk, moun peyi Et la, ak
Abichayi, frè Joab, pitit gason Sewouya a, li di yo: -Kilès
nan nou de a ki ta vle desann avè m' nan kan Sayil la?
Abichayi reponn: -M'ap desann avè ou. 7 Se konsa, jou
sa a, nan mitan lannwit, David ak Abichayi rive nan kan
an. Yo wè Sayil kouche ap dòmi nan mitan kan an, frenn li
te plante nan tè a bò tèt li. Abnè ak tout rès sòlda yo te

kouche bò kote l' ap dòmi tou. **8** Abichayi di David konsa:
-Aswè a Seyè a lage lènmi ou lan nan men ou vre. Koulye
a, kite m' kloure l' atè a ak pwòp frenn li a. Yon sèl kou ap
ase. Mwen p'ap bezwen frape l' de fwa. **9** Men, David di
Abichayi konsa: -Pa leve men sou li. Seyè a p'ap manke
pini moun ki va leve men l' sou wa li menm li te chwazi
a. **10** Apre sa, David di: -Mwen fè sèman devan Seyè ki
vivan an, se Seyè a menm ki pou touye l'. L'a mouri lè lè
pou l' mouri a va rive, osinon l'a mouri nan lagè. **11** Mande
Bondye padon non! Mwen p'ap leve men m' sou wa Seyè
a te chwazi a. Ann pran frenn li a ak krich dlo ki bò tèt li a.
Epi ann ale. **12** David pran frenn lan ak krich dlo ki te bò
tèt Sayil la, epi yo ale. Pesonn pa t' wè sa, pesonn pa t'
konnen sa ki te rive. Pesonn pa t' leve nan dòmi an. Yo te
dòmi nèt ale, paske Seyè a te fè yon gwo dòmi pran yo.
13 Lè sa a, David janbe lòt bò fon an, li kanpe sou tèt ti
mòn lan, byen lwen ak yon bèl distans nan mitan li ak
lame a. **14** Li pran rele sòlda yo ak Abnè, pitit gason Nè
a, li di yo konsa: -Abnè o! Eske ou tande mwen? Abnè
reponn: -Kilès k'ap rele nan zòrèy wa a konsa? **15** David
di li: -Se pa gason ou ye? Ki moun ki ka koresponn avè
ou nan peyi Izrayèl la? Poukisa ou pa pwoteje wa a, mèt
ou, pi byen? Talè a, gen yon moun ki antre nan kan an ak
lide pou l' te touye wa a. **16** Li pa bon non sa ou fè a.
Ou manke sou travay ou, Abnè. Mwen fè sèman devan
Bondye ki vivan an, nou tout nou merite yo touye nou.
Paske nou pa pwoteje mèt nou, wa Seyè a te chwazi a!
Gade non! Kote frenn wa a? Kote krich dlo ki te bò tèt li
a? **17** Sayil rekonèt vwa David, li di: -David, pitit mwen, se
ou menm pa vre? David di li: -Se mwen wi, monwa! **18**
Apre sa, li di ankò: -Chèmèt mwen, poukisa w'ap pousib
mwen konsa, mwen menm k'ap sèvi ou la? Kisa m' fè? Ki
krim mwen fè? **19** Koulye a, monwa, tanpri koute sa m'ap
di ou. Si se Seyè a ki moute tèt ou kont mwen, al fè yon
ofrann ba li pou li ka chanje lide l'. Men, si se moun k'ap fè
ou fè sa, se pou madichon Seyè a tonbe sou yo! Koulye a,
yo mete m' deyò nan peyi a pou m' pèdi pòsyon pa m' nan
tè Seyè a te bay pèp li a, yo voye m' al sèvi lòt bondye.
20 Pa kite yo touye m' nan peyi etranje byen lwen Seyè a!
Poukisa pou wa Izrayèl la leve tout lame a pou l' chache
touye yon ti pis tankou m'? Poukisa pou l' ap kouri dèyè
m' nan tout mòn yo tankou lè moun ap fè lachas ranmye!
21 Sayil reponn: -Sa m' fè a mal. Tounen non, David, pitit
mwen. Mwen p'ap janm chache fè ou mal paske ou refize
touye m' aswè a ankò. Wi, mwen te aji tankou moun fou,
mwen te fè yon bagay ki pa bon menm. **22** David reponn
li: -Monwa, men frenn ou an. Fè yonn nan moun ou yo
janbe vin chache l'. **23** Seyè a va bay chak moun sa yo
merite, dapre jan yo mache devan li, dapre jan yo kenbe
pwomès yo. Jòdi a, li te lage ou nan men m'. Men, mwen
pa fè ou anyen, mwen pa leve men m' sou wa Seyè a te
chwazi a. **24** Menm jan mwen te gen respè pou ou jòdi
a, m' pa touye ou, mwen mande Seyè a pou l' fè menm
bagay la pou mwen tou, lèfini pou l' wete m' nan tout tèt
chaje sa yo. **25** Sayil di David: -Se pou Bondye beni ou,
pitit gason mwen! Se pou tou sa w'ap fè mache byen!
Apre sa, David al fè wout li, Sayil menm tounen lakay li.

27 David di nan kè l': -Yon jou konsa Sayil ap touye
m'. L'a pi bon pou mwen si m' sove al kache nan
peyi Filisti a. Konsa, Sayil va sispann mache chache m'
nan tout peyi pèp Izrayèl la. p'ap gen danje pou mwen
ankò. **2** David leve ansanm ak sisan (600) moun pa l' yo,
y' ale kay Akich, pitit gason Maòk la, ki te wa lavil Gat. **3**
David ak mesye l' yo rete ak Akich lavil Gat ak tout fanmi
yo. David te gen de madanm ak li: Akinoam, yon fanm
lavil Jizreyèl ak Abigayèl, madan defen Nabal, moun lavil
Kamèl. **4** Lè Sayil vin tande David te kouri al kache lavil
Gat, li sispann mache chache l' pou mete men sou li. **5**
David di Akich konsa: -Si ou se zanmi m' vre, ban m' yon
ti plas nan yonn nan bouk andeyò yo pou m' rete. Pa gen
rezon, monwa, pou m' rete viv ansanm avè ou nan kapital
la. **6** Se konsa, jou sa a, Akich ba li lavil Ziklag. Se poutèt
sa, depi jou sa a, lavil Ziklag toujou rete pou wa peyi Jida
yo. **7** David pase ennan kat mwa ap viv nan peyi moun
Filisti yo. **8** Tanzantan, David ak mesye l' yo te konn pati
al atake moun Jechou yo, moun Jizi yo ak moun Amalèk
yo jouk lakay yo. Depi tout tan se pèp sa yo ki te rete nan
zòn ki soti depi lavil Telayim, nan direksyon lavil Chou
rive jouk peyi Lejip. **9** Se konsa, David te dechèpiye tout
peyi a, li touye fanm kou gason. Li pran mouton moun yo,
bèf yo, bourik yo, chamo yo, ata rad yo. Lèfini, li tounen
al jwenn Akich. **10** Lè Akich mande l': -Ki kote ou t' al
demele ou jòdi a? David te kouri reponn li se nan zòn
Negèv nan peyi Jida a, osinon nan zòn sid peyi moun
Jerakmeyèl yo, ou ankò nan zòn sid teritwa moun Kayen
yo. **11** Men David te toujou touye tout moun, fanm kou
gason, paske li t'ap di nan kè l' konsa pesonn p'ap ka al di
moun lavil Gat yo sa li te fè yo. Se sa David t'ap mache fè
pandan tout tan li pase nan peyi Filisti a. **12** Akich menm
te fè David konfyans. Li t'ap di nan kè l': -Msye tèlman fè
moun pèp Izrayèl yo rayi l', l'ap blije rete pase tout rès lavi
l' ap sèvi m'.

28 Kèk tan apre sa, moun Filisti yo sanble tout sòlda
yo pou y' al goumen ak pèp Izrayèl la. Lè sa a,
Akich di David: -Ou tou konnen se pou ou pati ansanm
avè m' ak mesye ou yo pou n' al goumen. **2** David reponn
li: -Se moun ou mwen ye. Ou pral wè sa m' ka fè. Akich
di li: -Bon! Apre sa, m'ap fè ou gad kò mwen pou tout
tan. **3** Samyèl te deja mouri lè sa a, tout pèp Izrayèl la te
kriye kont kriye yo pou li. Apre sa, yo antere l' lavil Rama
kote li te moun. Sayil te mete tout divinò deyò nan peyi a
ansanm ak tout moun ki konn rele mò pou pale ak yo. **4**
Sòlda moun Filisti yo te sanble, yo moute kan yo bò lavil
Chounèm. Sayil menm sanble tout sòlda pèp Izrayèl yo,
epi li moute kan l' sou mòn Gilboa. **5** Lè Sayil wè lame
moun Filisti yo, li soti pè, kè l' pran bat byen fò. **6** Se
konsa, li mande Seyè a sa pou l' fè. Men, Seyè a pa ba li
ankenn repons, ni nan rèv, ni avèk ourim yo, ni nan mesaj
pwofèt yo. **7** Lè sa a, Sayil rele moun k'ap sèvi avè l' yo, li

ba yo lòd sa a: -Al chache kote nou ka jwenn yon fanm
ki konn rele mò pou l' travay pou mwen. Yo reponn li: -
Gen yonn lavil Andò. 8 Sayil mete lòt kalite rad sou li, li
maske. Li leve, li pati ak de moun pa l'. Yo rive kay fanm
lan nan mitan lannwit. Sayil di fanm lan: -M' pral ba ou
non yon mò pou ou rele pou mwen. Rele li pou mwen
tanpri, pou m' konnen sa ki pral rive m'. 9 Men, fanm lan
di l': -Ou konnen sa wa Sayil te fè a pa vre? Li te mete
tout divinò ak tout moun k'ap pale ak mò deyò nan peyi a
wi. Poukisa atò w'ap seye pran m' nan plan pou fè yo
touye m'? 10 Sayil pran non Bondye fè sèman, li di: -
Devan Seyè ki vivan an, mwen fè sèman yo p'ap fè ou
anyen pou zafè sa a. 11 Fanm lan di l': -Ki moun pou m'
rele pou ou? Li reponn: -Rele Samyèl pou mwen. 12 Lè
madanm lan wè Samyèl, li pete rele, li di Sayil: -Poukisa
ou twonpe m' konsa? Ou se wa Sayil! 13 Wa a di l': -Ou
pa bezwen pè. Kisa ou wè? Fanm lan di Sayil: -Mwen wè
yon lespri k'ap moute soti anba tè a. 14 Wa a di l': -Kisa
ou wè li sanble? Fanm lan reponn: -Se yon vye granmoun
gason k'ap moute la a. Li vlope nan yon gwo dra. Lè sa a,
Sayil vin konnen se te Samyèl. Li tonbe ajenou, li bese tèt
li jouk atè. 15 Samyèl di Sayil: -Poukisa ou detounen m'
konsa? Poukisa ou fè m' remoute la a en? Sayil di li: -
Mwen nan gwo tèt chaje: Moun Filisti yo ap fè m' lagè. Epi
Bondye vire do ban mwen. Li pa pale avè m' ankò, ni nan
rèv, ni nan mesaj pwofèt yo. Se poutèt sa, mwen fè rele
ou pou ou ka fè m' konnen sa pou m' fè. 16 Samyèl di l': -
Koulye a Seyè a vire do ba ou, li tounen lènmi ou, poukisa
se mwen menm w'ap mande bagay konsa? 17 Seyè a
annik fè sa li te di m' di ou la: li wete gouvènman an nan
men ou, li bay David li pito. 18 Ou pa t' koute sa Seyè a
te di ou, ou pa t' detwi moun Amalèk yo nèt ansanm ak
tou sa yo te genyen. Se poutèt sa Seyè a fè ou sa li fè ou
jòdi a. 19 Li pral lage ou ansanm ak tout pèp Izrayèl la
nan men moun Filisti yo. Denmen lè konsa, ni ou menm ni
pitit gason ou yo ap menm kote avè m'. Seyè a pral lage
lame pèp Izrayèl la nan men moun Filisti yo. 20 Tande
Sayil tande sa, li tonbe tou long atè, li te pè akòz pawòl
Samyèl te di l' la a. Li te fèb anpil tou, paske li pa t' manje
anyen depi maten. 21 Fanm lan al jwenn Sayil atè a, li wè
jan Sayil t'ap tranble tèlman li te pè. Li di l' konsa: -Tanpri,
mèt, tande sa m'ap di ou: Mwen te mete lavi m' an danje
pou m' te fè sa ou te mande m' fè a. 22 Koulye a, tanpri,
tande sa m'ap di ou. Ou pral fè sa m'a pral di ou la a: Kite
m' al pare yon ti manje pou ou. W'a manje, w'a pran fòs
ankò pou ou ka al fè wout ou. 23 Sayil refize, li di li p'ap
manje anyen. Men mesye ki te avè l' yo ansanm ak fanm
lan pale avè l', yo fè l' tande rezon. Bout pou bout, li dakò,
li leve sot atè a, li chita sou kabann lan. 24 Fanm lan te
gen yon ti bèf li t'ap angrese lakay li. Li prese touye l'.
Apre sa, li pran farin, li fè pat avè l', li kwit kèk ti pen san
ledven. 25 Li pote tout bagay sa yo devan Sayil ak mesye
l' yo. Yo manje. Lèfini, lannwit lan menm yo leve, yo pati.

29 Moun Filisti yo sanble tout sòlda yo nèt lavil Afèk.
Moun Izrayèl yo menm te moute kan yo bò sous ki
nan Fon Jizreyèl la. 2 Senk chèf moun Filisti yo te pran
devan, yo t'ap mache yonn dèyè lòt ak divizyon lame
yo. Yo te gen batayon san sòlda ak rejiman mil sòlda.
David t'ap mache dèyè nèt avèk mesye l' yo ansanm ak
Akich. 3 Lòt chèf moun Filisti yo di konsa: -Sa bann ebre
sa yo ap fè la a? Akich reponn yo: -Se David, yonn nan
mesye ki t'ap sèvi ak Sayil, wa pèp Izrayèl la. Li gen kèk
tan depi li avè m'. Depi jou li kite wa pèp Izrayèl la pou
li vin jwenn mwen, mwen pa janm jwenn anyen pou m'
repwoche l' jouk jounen jòdi a. 4 Men, lòt chèf moun Filisti
yo move sou Akich, yo di l' konsa: -Voye nonm sa a ale.
Fè l' tounen nan lavil ou te ba li pou l' rete a. Pa kite l' al
goumen avèk nou pou pandan batay la li pa vire sou do
nou. Sa ka ba l' yon bèl okazyon pou l' touye moun nou
yo, epi pou l' byen ankò ak mèt li. 5 Lèfini, fòk nou pa
bliye, se David wi. Se pou li medam yo te fè chante sa a
lè yo t'ap danse a. Chante a te pati konsa: Sayil desann
mil. David desann dimil. 6 Akich rele David, li di l' konsa: -
Mwen pran Seyè ki vivan an pou temwen, ou se yon nèg
serye, ou toujou kenbe pawòl ou avè m'. Se ta tout plezi
m' pou m' ta toujou wè ou la avè m' nan tout antre soti m'
nan batay la. Paske, depi jou ou te vin jwenn mwen an
rive jòdi a, mwen pa janm jwenn anyen ou fè ki mal. Men,
mesye chèf yo pa fè ou konfyans. 7 Konsa, tounen al
lakay ou ak kè poze. Epi, piga ou janm fè anyen ki pa fè
yo plezi, tande! 8 David reponn li: -Men, mèt mwen, kisa
m' fè? Depi premye jou mwen prezante lakay ou pou m'
sèvi ou rive jòdi a, ou pa janm jwenn anyen mwen fè ki
mal. Poukisa ou pa vle mwen vin goumen bò kote ou,
monwa, mèt mwen, kont lènmi ou yo? 9 Akich reponn
David: -Ou pa bezwen di m' anyen! Pou mwen, ou bon
tankou yon zanj Bondye. Men, sa ou vle m' fè? Lòt chèf
yo di ou pa pral avèk nou nan batay la. 10 Koulye a,
David, denmen maten, ou pral leve bonè bonè, ansanm
ak tout mesye ki te vire do bay Sayil, mèt ou a, pou yo te
vin avè ou bò isit la vin jwenn mwen. Kou bajou kase n'a
pati al fè wout nou. 11 Konsa vre, nan denmen maten,
bonè bonè David leve ansanm ak tout mesye l' yo, yo
pati, yo tounen nan peyi Filisti a. Lame moun Filisti yo
menm pran chemen pou yo ale Jizreyèl.

30 De jou apre, David rive lavil Ziklag ansanm ak
mesye l' yo. Moun Amalèk yo te gen tan anvayi tout
zòn Negèv nan peyi Jida. Yo te atake lavil Ziklag tou, yo
te boule lavil la nèt. 2 Lèfini, yo te pran tout fanm yo ak
tout rès moun ki te la yo, timoun kou granmoun, yo te
pati ak yo. Yo pa t' touye pesonn, men yo te pran tout
moun, yo pati ak yo al fè wout yo. 3 Lè David rive ak
mesye l' yo, yo jwenn lavil la te boule nèt epi madanm yo,
pitit gason yo ak pitit fi yo pa t' la. Moun yo te pati ak yo
tout. 4 David ak mesye l' yo pran rele, yo kriye jouk yo
pa kapab ankò. 5 Moun yo te pati ak de madanm David
yo tou, Akinoam, moun lavil Jizreyèl ak Abigayèl, madan
defen Nabal, moun lavil Kamèl. 6 David te nan gwo tèt
chaje paske mesye l' yo te fache anpil deske yo te pèdi

pitit gason yo ak pitit fi yo, yo te fè lide touye David ak
kout wòch. Men, Seyè a, Bondye li a, te ba l' kont kouraj.
7 David rele Abyata, prèt la, pitit gason Akimelèk la, li di l'
konsa: -Pote jile Bondye a isit ban mwen! Abyata pote jile
Bondye a bay David. 8 David pale ak Seyè a, li di li: -
Eske se pou m' ale dèyè bann moun sa yo? Eske m'a
rapouswiv yo? Seyè a di li: -Ou mèt ale dèyè yo. W'a
rapouswiv yo, epi w'a sove moun yo fè prizonye yo. 9 Se
konsa David pati avèk sisan (600) mesye ki te avè l' yo.
Lè yo rive nan ravin Bezò a, gen kèk nan mesye yo ki rete
la. 10 David menm kontinye sou wout li avèk katsan (400)
moun. Lòt desan (200) yo te rete paske yo te bouke anpil,
yo pa t' gen fòs pou yo te travèse dlo Bezò a. 11 Mesye
ki t' ale avèk David yo jwenn yon moun peyi Lejip nan
zòn lan. Yo mennen l' bay David. Yo ba li manje, yo ba li
bwè. 12 Yo ba li yon moso gato figfrans ak de grap rezen
chèch. Lè li fin manje, li reprann fòs, paske depi twa jou
twa nwit li pa t' manje anyen, ni li pa t' janm bwè dlo. 13
David mande l': -Ki moun ki mèt ou? Moun ki bò ou ye?
Li reponn: -Mwen se moun peyi Lejip, esklav yonn nan
moun Amalèk yo. Jòdi a fè twa jou depi mèt mwen kite
m' dèyè, paske mwen te malad. 14 Nou te anvayi zòn
Negèv kote keretyen yo rete a. Apre sa, nou pase nan
zòn Negèv ki nan peyi Jida a, ak zòn Negèv ki nan peyi
Kalèb la. Lèfini, nou mete dife nan lavil Ziklag. 15 David
mande l': -Eske ou ka mennen nou kote bann moun sa yo
ye a? Li reponn li: -Si ou pran Bondye pou temwen pou
ou pwomèt mwen ou p'ap touye m', ni ou p'ap lage m' nan
men mèt mwen an, m'ap mennen ou kote yo ye a. 16 Li
mennen David kote moun Amalèk yo ye a. Moun Amalèk
yo te gaye toupatou. Sa ki t'ap manje t'ap manje, sa ki
t'ap bwè t'ap bwè. Yo t'ap fè fèt paske yo te piye anpil
bagay kay moun Filisti yo ak kay moun peyi Jida yo. 17
Nan denmen, granmaten David atake yo, li goumen ak
yo jouk nan aswè. Pesonn pa t' chape, an wetan katsan
(400) jenn gason ki moute kèk chamo epi ki gen tan kouri
ale. 18 David sove dènye sa moun Amalèk yo te pran nan
piyay yo a. Li sove de madanm li yo tou. 19 David mennen
tout pitit fi ak tout pitit gason mesye l' yo tounen ansanm
ak tout bagay moun Amalèk yo te pran nan piyay yo a. Pa
t' manke anyen. 20 Lèfini, li pran tout bann mouton ak bèf
yo tou. Mesye yo t'ap pouse bèt yo devan, yo t'ap di: -
Men, tou sa David pran pou li nan batay la. 21 David t'ap
tounen, li rive bò desan (200) mesye li te kite bò ravin
Bezò a paske yo te twò fèb pou ale avè l'. Yo mache vin
kontre David ansanm ak lòt mesye l' yo. David mache al
jwenn yo, li di yo bèl bonjou. 22 Men, pami mesye ki t' ale
avèk David yo, te gen kèk malveyan ak vòryen ki t'ap di: -
Mesye sa yo pa t' ale avèk nou. Nou p'ap ba yo anyen
nan sa nou pran an. N'ap annik renmèt yo madanm yo ak
pitit yo pou y' al fè wout yo. 23 Men David di yo konsa: -
Frè m' yo, nou pa ka fè sa ak sa Seyè a ban nou! Li pa
kite anyen rive nou, li lage bann moun ki te vin piye nou
yo nan men nou. 24 Pesonn pa ka dakò ak sa n'ap di la
a. Nou pral separe bay chak moun sa ki pou yo: sa ki
te rete dèyè nan kan an ap resevwa menm kantite ak
sa ki te desann al goumen. 25 Se konsa depi jou sa a,
David fè prensip sa a tounen yon lwa. Jouk jòdi a y'ap
swiv menm prensip sa a toujou nan peyi Izrayèl. 26 Lè
David tounen Ziklag, li pran nan bagay li te sezi nan men
lènmi yo, li voye bay zanmi l' yo ki te chèf nan peyi Jida a,
li di yo konsa: -Men kado mwen voye pou nou nan sa nou
pran nan men lènmi Seyè yo. 27 Li voye bay moun lavil
Betèl, bay moun lavil Rama nan zòn Negèv la, bay moun
lavil Yati, 28 bay moun lavil Awoyè, bay moun lavil Sifmòt
ak moun lavil Echtemoa, 29 bay moun lavil Rakal ak
moun ki rete nan lavil branch fanmi Jerakmeyèl yo ak nan
lavil moun Kayen yo, 30 bay moun lavil Oma, moun lavil
Borachan ak moun lavil Atak, 31 bay moun lavil Ebwon,
bay moun ki toupatou kote David ak mesye l' yo te pase.

31 Moun Filisti yo leve yon sèl batay ak moun pèp
Izrayèl yo sou mòn Gilboa. Anpil nan moun pèp
Izrayèl yo te mouri, rès yo te kouri met deyò. 2 Moun Filisti
yo rive sou Sayil ak pitit gason l' yo. Yo touye Jonatan,
Abinadad ak Malchichwa frèt. 3 Batay la te mangonmen
kote Sayil te ye a. Mesye ki t'ap voye flèch nan banza yo
te konmanse ap vize sou li. Lè li wè sa, li pran tranble. 4
Li rele gad ki t'ap pote zam li yo, li di l' konsa: -Rale nepe
ou, touye m' pou bann moun sa yo ki pa sèvi Bondye pa
gen tan rive sou mwen pou se yo ki touye m', lèfini pou
yo pase m' nan betiz. Men gad kò a pa t' vle paske li te
pè anpil. Lè sa a, Sayil pran nepe a, li vire l' tèt anba, li
lage kò l' sou li. 5 Lè gad kò a wè Sayil mouri, li fè menm
bagay la tou, li lage kò l' sou nepe li a. Li mouri ansanm
avèk Sayil. 6 Se konsa, ni Sayil, ni twa pitit gason l' yo, ni
gad kò a te mouri. Jou sa a, tout mesye Sayil yo te mouri.
7 Lè moun pèp Izrayèl yo ki te rete lòt bò Fon Jizreyèl la
ak lòt bò larivyè Jouden wè sòlda pèp Izrayèl yo kouri mèt
deyò epi Sayil ak pitit gason l' yo mouri, yo leve kite lavil
kote yo te rete yo, yo mete deyò tou. Moun Filisti yo vini,
yo pran lavil yo pou yo. 8 Nan denmen apre batay la,
moun Filisti yo tounen pou pran zam ki te sou kadav sòlda
mouri yo, yo jwenn kadav Sayil ak kadav twa pitit gason l'
yo kouche atè sou mòn Gilboa a. 9 Yo koupe tèt Sayil, yo
pran tout zam li yo. Lèfini, yo voye gaye bon nouvèl sa a
nan tout peyi Filisti a, nan tanp zidòl yo ak nan zòrèy tout
pèp la. 10 Yo mete zam Sayil yo nan tanp Astate, zidòl yo
a. Epi yo pran rès kò a, yo kloure l' sou miray lavil Bèt
Chean an. 11 Lè moun lavil Jabès yo, nan peyi Galarad,
vin konnen sa moun Filisti yo te fè Sayil, 12 tout mesye ki
te brave danje yo leve, yo mache tout lannwit jouk yo rive
lavil Bèt Chean, yo desann kadav Sayil la ak kadav pitit
gason l' yo ki te kloure sou miray lavil la, yo tounen ak yo
lavil Jabès, kote yo boule yo. 13 Lèfini, yo pran zosman
yo, yo antere yo anba pye tonmaren ki nan lavil Jabès la.
Apre sa, yo pase sèt jou san manje.

2 Samyèl

1 Apre li te fin kraze moun Amalèk yo, David tounen lavil
Ziklag. Lè sa a Sayil te deja mouri. David menm te
lavil Ziklag depi de jou. 2 Sou twazyèm jou a, yon nonm
rive soti nan kan Sayil la. Rad sou li te chire, li te gen
pousyè sou tèt li pou fè wè jan li te nan gwo lapenn. Lè
li rive bò kote David, li lage kò l' atè, li bese tèt li byen
ba devan li. 3 David mande l': -Kote ou soti? Nonm lan
reponn: -Mwen chape kò m' soti nan kan moun Izrayèl yo.
4 David di li: -Manyè di m' sa ki pase. Nonm lan reponn: -
Lame pèp Izrayèl la kouri pandan batay la te mare. Gen
anpil sòlda ki mouri. Sayil ak Jonatan, pitit gason l' lan,
mouri tou. 5 David mande nonm ki te pote nouvèl la: -Ki
jan ou fè konnen Sayil ak Jonatan, pitit li a, mouri? 6
Nonm lan reponn: -Mwen t'ap pase konsa sou mòn Gilboa
a lè mwen wè Sayil apiye sou frenn li pou l' pa tonbe atè.
Cha lagè lènmi yo ak kavalye yo te prèt pou rive sou li. 7
Lè sa a, li voye je l' gade, li wè m', epi li rele m' vini. Mwen
reponn li: Men mwen, monwa. 8 Li mande m' ki moun
mwen ye. Mwen reponn li se yon moun Amalèk mwen ye.
9 Lè sa a, li mande m' pou m' pwoche bò kote l' pou m'
touye l', paske li te santi tèt li ap vire, atout li te gen tout
konesans li sou li. 10 Se konsa, mwen pwoche bò kote l',
mwen touye l' paske mwen te konnen tonbe li te tonbe li
t'ap toujou mouri. Apre sa, mwen pran kouwòn ki te sou
tèt li ak braslè ki te nan ponyèt li, mwen pote yo ba ou,
mèt. 11 David chire rad ki te sou li sitèlman sa te fè li
lapenn. Tout moun ki te la avè l' yo fè menm bagay la tou.
12 Yo kriye, yo pran gwo lapenn pou Sayil, pou Jonatan,
pitit li a, pou lame Seyè a ak pou pèp Izrayèl la, paske te
gen anpil ladan yo ki te mouri nan lagè a. Yo rete san
manje jouk aswè. 13 Apre sa, David mande jenn gason ki
te pote nouvèl la: -Ki moun ou ye? Jenn gason an reponn:
-Mwen se pitit yonn nan moun Amalèk ki vin rete nan peyi
a. 14 David di l' konsa: -Bon. Ki jan ou fè pa t' pè leve
men ou sou wa Bondye chwazi a pou ou rive touye l'? 15
David rele yonn nan moun li yo. Li di l' konsa: -Vini non!
Touye msye. Nonm lan bay moun Amalèk la yon sèl kou,
li touye l' frèt. 16 David menm te di moun Amalèk la: -Se
ou menm ki reskonsab sa ki rive ou la a. Se ou menm ki
kondannen tèt ou lè ou di ak bouch ou se ou menm ki
touye wa Bondye te chwazi a. 17 David pran chante pou
plenn lanmò Sayil ak Jonatan, pitit Sayil la. 18 Li bay lòd
pou yo moutre chante a bay tout moun Jida yo. Se chante
banza yo. Yo jwenn li ekri nan Liv Moun ki mache dwat la.
19 O Izrayèl, tout gwo chèf ou yo mouri sou mòn yo. Yo
desann tout vanyan sòlda ou yo. 20 Pa kite nouvèl la rive
nan lavil Gad. Pa gaye nouvèl la nan lavil Askalon, pou
medam peyi Filisti yo pa fè fèt, pou pitit fi moun sa yo ki
pa sèvi Bondye pèp Izrayèl la pa leve danse. 21 Nou
menm mòn Giboa yo, se pou nou rete san yon grenn
lapli, san yon degout lawouze. Piga jaden janm pouse sou
flan mòn nou yo! Paske se la yo trennen nan labou plak
fè pwotèj sòlda yo, plak fè pwotèj wa Sayil la ki p'ap janm
fwote ak lwil ankò. 22 Jonatan pa t' janm fè bak toutotan li
pa tranpe flèch li yo nan san lènmi l' yo. Sayil pa t' janm
tounen toutotan li pa t' plonje nepe l' nan vant vanyan
sòlda lènmi l' yo. 23 Sayil ak Jonatan, yonn te renmen
lòt! Toujou ansanm nan lavi, ansanm ansanm tou nan
lanmò! Pi veyatif pase malfini, pi vanyan pase lyon. 24
Medam pèp Izrayèl yo, rele pou Sayil! Li te konn ban nou
bèl rad koulè violèt ki koute byen chè, ak bèl bijou an lò
pou mete sou nou. 25 Vanyan sòlda yo mouri nan lagè!
Jonatan mouri, li blayi atè plat sou ti mòn yo! 26 Mwen
gen gwo lapenn pou ou, Jonatan, frè mwen. Jan mwen
te renmen ou sa a! Jan ou menm ou te renmen m', se
pa pale. Zanmitay sa a te pi bon pou mwen lontan pase
renmen ankenn fanm ta ka gen pou mwen! 27 Vanyan
sòlda yo mouri! Tout zam lagè yo pa vo anyen koulye a!

2 Apre sa, David mande Seyè a: -Eske se pou m' ale
nan yonn nan lavil peyi Jida yo? Seyè a reponn li: -Wi.
Se pou ou ale! David mande l': -Kote pou m' ale? Seyè a
di l': -Lavil Ebwon. 2 Se konsa, David pran de madanm li
yo, Akenoam ki te moun lavil Jizreyèl, ak Abigayèl, vèv
Nabal la, ki te moun lavil Kamèl, li pati pou Ebwon. 3 Li
mennen moun ki te avè l' yo tou ansanm ak tout fanmi yo.
Y' al rete lavil Ebwon ak nan tout ti bouk ki toupre l' yo. 4
Apre sa, moun Jida yo rive lavil Ebwon, yo fè seremoni
pou mete David apa pou sèvi wa peyi Jida. David vin pran
nouvèl se moun lavil Jabès yo, nan peyi Galarad, ki te
antere Sayil. 5 Lè sa a, li voye kèk mesaje di yo konsa:
-Se pou Seyè a beni nou, paske nou moutre jan nou
pa janm lage Sayil, mèt nou an. Nou antere l'. 6 Mwen
mande Seyè a pou li aji byen ak nou tou, pou li pa janm
lage nou. Mwen menm pou tèt pa m', m'ap aji byen avèk
nou tou poutèt sa nou fè a. 7 Koulye a, pran kouraj! Mete
gason nou nou! Sayil, mèt nou an, mouri. Se mwen menm
moun Jida yo mete apa pou wa yo. 8 Abnè, pitit gason
Nè a, kòmandan lame Sayil la, pran Ichbochèt, pitit gason
Sayil la, li mennen l' lavil Manayim, lòt bò larivyè Jouden.
9 Rive la, li nonmen Ichbochèt wa peyi Galarad, peyi Asè,
peyi Jizreyèl, peyi Efrayim ak peyi Benjamen, ki vle di
wa tout pèp Izrayèl la. 10 Ichbochèt, pitit gason Sayil la,
te gen karantan lè yo fè l' wa peyi Izrayèl. Li gouvènen
pandan dezan. Men, moun branch fanmi Jida yo te kanpe
avèk David. 11 David te wa peyi Jida a pandan sètan
sis mwa. Se Ebwon li te rete. 12 Abnè leve ansanm ak
moun Ichbochèt yo, yo kite lavil Manayim, y' ale lavil
Gabawon. 13 Joab menm, pitit gason Sewouya a, leve
ansanm ak sòlda David yo, yo kite lavil Ebwon, yo pati
tou. Yo kontre ak moun Abnè yo bò rezèvwa Gabawon an.
De lame yo pran pozisyon, yonn chak bò rezèvwa a. 14
Abnè di Joab konsa: -Annou chwazi kèk jenn gason pou
yo goumen devan nou la a. Joab reponn: -Dakò! 15 Se
konsa, douz gason nan branch fanmi Benjamen an kanpe
pou Ichbochèt yon bò, douz gason kanpe pou moun David
yo lòt bò. 16 Mesye yo mare goumen. Yonn pran lòt nan
tèt epi yonn foure nepe yo nan kò lòt. Se konsa yo tout
tonbe ansanm, yo mouri. Se poutèt sa, yo rele kote sa a

nan peyi Gabawon an Elkatazourim. 17 Apre sa, yon gwo
batay pete. Moun David yo kraze Abnè ansanm ak moun
Izrayèl yo. 18 Tou twa pitit gason Sewouya yo te la. Se te
Joab, Abichayi ak Asayèl. Asayèl te konn kouri, ou ta di
yon ti kabrit mawon. 19 Li pran kouri pye pou pye dèyè
Abnè ki t'ap chache chape kò l'. 20 Abnè vire tèt li gade
dèyè. Li di: -Se pa ou menm sa, Asayèl? Asayèl reponn li:
-Men wi, se mwen. 21 Abnè di l' konsa: -Sispann kouri
dèyè m'. Pito ou kouri dèyè yonn nan sòlda yo. Lèfini, w'a
pran tou sa li genyen. Men, Asayèl pa t' vle sispann kouri
dèyè l'. 22 Yon dezyèm fwa Abnè di l': -Asayèl, m' di ou
sispann kouri dèyè m' wi! Pa fòse m' touye ou! Apre sa, ki
jan m'a fè pou m' parèt devan Joab, frè ou la? 23 Men,
Asayèl pa t' vle sispann kouri dèyè l'. Lè sa a, Abnè ba li
yon kou nan vant ak pwent dèyè frenn li an. Frenn lan
travèse Asayèl, li soti nan do l'. Asayèl tonbe atè, li mouri
frèt. Lè tout moun rive kote li te tonbe a yo rete la. 24
Men Joab ak Abichayi pran kouri pi rèd dèyè Abnè. Solèy
tapral kouche lè yo rive sou ti bit mòn Anma a, ki sou bò
solèy leve lavil Giyak, sou chemen ki mennen nan dezè
Gabawon an. 25 Moun branch fanmi Benjamen yo sanble
bò kote Anbè ankò. Yo pran pozisyon pou yo goumen sou
tèt yon ti mòn. 26 Abnè rele Joab, li di l' konsa: -Gen lè
nou p'ap janm fini ak batay sa a? Ou pa wè sa ap fini
mal pou nou tou de? Se frè nou ye. Sa w'ap tann pou
ou bay moun ou yo lòd pou yo sispann kouri dèyè nou?
27 Joab reponn li: -Mwen pran Bondye ki vivan an pou
temwen. Si ou pa t' pale konsa se denmen maten moun
pa m' yo t'ap sispann kouri dèyè ou. 28 Joab fè kònen
klewon. Tout moun li yo rete sou sa yo te fè, yo sispann
kouri dèyè moun Izrayèl yo. Se konsa batay la fini. 29
Abnè ak moun pa l' yo mache nan fon Jouden an tout
lannwit lan. Lèfini, yo janbe lòt bò larivyè Jouden an. Yo
travèse tout zòn Bitwon an jouk yo rive lavil Manayim. 30
Joab menm, lè li sispann kouri dèyè Abnè a, li sanble tout
lame a. Te gen disnèf sòlda nan moun David yo ki pa t'
reponn prezan san konte Asayèl. 31 Patizan David yo te
touye twasanswasant (360) nan patizan Abnè yo, tout nan
branch fanmi Benjamen an. 32 Joab ak moun pa l' yo
pran kadav Asayèl, y' al antere l' nan tonm fanmi an lavil
Betleyèm. Apre sa, yo pase nwit lan ap mache. Solèy t'ap
leve lè yo rive Ebwon.

3 Patizan fanmi Sayil yo ak patizan David yo pase lontan
ap goumen yonn ak lòt konsa. Men, patizan David yo
t'ap vin pi plis chak jou. Patizan fanmi Sayil yo menm t'ap
bese. 2 Men sis pitit gason David vin fè antan li te lavil
Ebwon: Pi gran an te rele Amon. Se Akenoam, moun lavil
Jizreyèl, ki te manman l'. 3 Dezyèm lan te rele Kileyab. Se
Abigayel, vèv Nabal la, moun lavil Kamèl, ki te manman l'.
Twazyèm lan te rele Absalon. Se Maka, pitit fi Talmayi, wa
lavil Gechou a, ki te manman l'. 4 Katriyèm lan te rele
Adonija. Se Agit ki te manman l'. Senkyèm lan te rele
Chefatya. Se Abital ki te manman l'. 5 Sizyèm lan te rele
Jitreyam. Se Egla, yon lòt madanm David te genyen, ki te
manman l'. Yo tout te fèt antan David te rete lavil Ebwon.
6 Pandan lagè a t'ap kaye ant patizan fanmi Sayil yo ak
patizan David yo, Abnè te vin gen plis pouvwa chak jou
sou patizan fanmi Sayil yo. 7 Sayil te gen yon fanm kay
ki te rele Rispa. Se te pitit fi Aja. Abnè te kouche avè l'.
Yon jou, Ichbochèt rele Abnè, li di l' konsa: -Poukisa w'
al kouche avèk yonn nan fanm kay papa m' yo? 8 Lè
Abnè tande sa, li fache anpil. Li di Ichbochèt konsa: -Eske
se yon chen k'ap travay pou moun Jida yo mwen ye?
Jouk jounen jòdi a mwen pa janm trayi Sayil, papa ou, ni
patizan l' yo, ni zanmi l' yo. Mwen goumen rèd mare pou
m' pa kite yo tonbe nan men David. Lèfini, pou koulye a
w'ap fè m' repwòch pou yon ti pachat mwen te fè ak fanm
sa a! 9 Se pou Seyè a ban m' pi gwo pinisyon ki genyen
si mwen pa fè pwomès Bondye te fè David la rive vre.
10 Paske li te fè sèman l'ap wete baton kòmandman an
nan fanmi Sayil la pou l' mete David wa sou moun Izrayèl
yo ak sou moun Jida yo, soti depi teritwa Dann lan rive
teritwa Becheba a. 11 Ichbochèt pa t' ka reponn Abnè
anyen sitèlman li te pè l'. 12 Abnè voye kèk mesaje bò
kote David pou di li: -Ki moun ki pral gouvènen peyi sa
a? Pase yon kontra avè m'. M'ap ede ou pou tout moun
Izrayèl yo vin jwenn ou. 13 David reponn li: -Dakò. M'ap
pase yon kontra avè ou. Men, m'ap mande yon sèl bagay.
Piga ou vin wè m' san ou pa mennen Mikal, pitit fi Sayil
la, avè ou. Se sèl jan pou ou parèt devan m'. 14 Apre
sa, David voye kèk mesaje bò kot Ichbochèt pou di li: -
Renmèt mwen Mikal, madanm mwen. Mwen te bay san po
ti kòk moun Filisti pou m' te ka marye avè l'. 15 Ichbochèt
voye pran Mikal lakay mari li, Paltyèl, pitit gason Layis la.
16 Paltyèl pati dèyè l', li t'ap kriye sou tout wout la jouk yo
rive lavil Baourim. Men Abnè di Paltyèl konsa: -Tounen
lakay ou non, monchè! Epi Paltyèl tounen tounen l'. 17
Abnè al jwenn chèf fanmi moun Izrayèl yo pou fè yon koze
ak yo. Li di yo konsa: -Depi lontan nou te vle se David ki
pou te wa nou, pa vre. 18 Enben, men chans nou. Paske
men sa Seyè a te di sou David: Mwen pral sèvi ak David,
sèvitè m' lan, pou m' delivre pèp Izrayèl la, pèp mwen an,
anba men moun Filisti yo ak anba men tout lòt lènmi l' yo.
19 Anbè pale ak moun branch fanmi Benjamen yo tou.
Lèfini, li pati pou Ebwon pou li al di David sa moun pèp
Izrayèl yo ansanm ak tout moun branch fanmi Benjamen
yo te tonbe dakò pou yo fè. 20 Li rive lakay David lavil
Ebwon. Li te gen vin lòt gason avè l'. David fè yon gwo
resepsyon pou Abnè ak pou vin moun ki te avè l' yo.
21 Abnè di David konsa: -Monwa, mwen prale koulye a,
mwen pral sanble tout moun pèp Izrayèl yo bò kote ou.
y'a pase yon kontra avè ou. Konsa, w'a ka gouvènen tout
peyi a jan ou vle l' la. David bay Abnè pèmisyon pou li ale.
Lèfini, Abnè pati ak kè poze. 22 Apre sa, Joab ak patizan
David yo vin rive. Yo te sot fè yon pase kay lènmi yo, yo
te tounen ak anpil bagay yo te pran lakay yo. Lè sa a,
Abnè pa t' Ebwon ankò lakay David, paske David te gen
tan kite l' ale ak garanti anyen p'ap rive l'. 23 Lè Joab ak
sòlda ki te avè l' yo rive, yo di Joab Abnè, pitit Nè a, te vin
wè wa a, epi wa a kite l' ale ak garanti anyen p'ap rive l'.

24 Joab al jwenn wa a, li di li: -Sa ou fè konsa? Abnè vin
jwenn ou epi ou kite l' ale san ou pa fè l' anyen? 25 Ou
konn ki moun yo rele Abnè, pitit Nè a! Si li vini, se pou l'
ka woule ou, pou l' ka konnen tout vire tounen ou, pou l'
konnen tou sa w'ap fè. 26 Lèfini, Joab soti kay David,
li voye moun al chache Abnè san David pa konnen. Yo
jwenn Abnè bò sitèn dlo Sira a, yo fè l' tounen. 27 Lè
Abnè rive Ebwon, Joab mennen l' apa bò pòtay lavil la
tankou si li te vle pale pou kont li avè l'. Epi li ba li yon kout
ponya nan vant. Se konsa Joab touye Abnè paske Abnè
te touye Asayèl, frè l' la. 28 Lè David vin pran nouvèl la, li
di: -Seyè a wè ni mwen ni moun gouvènman yo, nou pa
gen anyen pou nou wè nan lanmò Abnè, pitit Nè a. 29
Se pou chatiman an tonbe sou tèt Joab ak tout fanmi li!
Se pou toujou gen nan fanmi li moun k'ap gen ekoulman
osinon move maladi po, gason k'ap blije fè travay fanm,
gason k'ap mouri nan lagè, gason k'ap nan grangou. 30
Se konsa, Joab ak Abichay, frè l' la, te ansasinen Abnè
paske Abnè te touye Asayèl, frè yo a, lè batay Gabawon
an. 31 Apre sa, David bay Joab ak tout moun ki te avè l'
yo lòd pou yo chire rad ki sou yo, pou yo mete rad sak
sou yo, lèfini pou yo mache devan sèkèy Abnè a ap kriye.
Wa David menm t'ap mache dèyè sèkèy defen an. 32 Yo
antere Abnè Ebwon. Apre sa, wa a pran rele byen fò, li
t'ap kriye sou tonm Abnè a. Tout pèp la t'ap kriye tou.
33 Wa a pran chante pou plenn lanmò Abnè. Li di nan
chante a: -Abnè, poukisa ou mouri bèt konsa? 34 Men
ou yo pa t' mare, pye ou yo pa t' nan chenn. Ou mouri
tankou moun ki tonbe nan men malfektè! Tout pèp la pran
kriye ankò pou Abnè. 35 Apre sa, pandan tout rès jounen
an, yo pote manje bay David pou li manje, men David fè
sèman sa a: -Se pou Bondye ban m' pi gwo pinisyon ki
genyen si mwen mete anyen nan bouch mwen anvan
solèy kouche! 36 Tout pèp la vin konn sa. Sa te fè yo
plezi. Pou di vre, tou sa David te fè te fè pèp la plezi. 37
Se konsa tout moun David yo ansanm ak tout moun pèp
Izrayèl yo te vin konnen tout bon vre wa a pa t' gen anyen
pou l' te wè nan jan yo te ansasinen Abnè, pitit gason Nè
a. 38 Wa a di moun k'ap sèvi avè l' yo: -Aa, mesye! Jòdi a
pèp Izrayèl la pèdi yon chèf, yon gwo chèf wi! 39 Atout se
wa Bondye chwazi a mwen ye, mwen santi m' fèb jòdi a.
Pitit gason Sewouya yo twò mechan pou mwen. Se pou
Bondye pini krimenèl sa yo pou mechanste yo fè a.

4 Lè Ichbochèt, pitit Sayil la, pran nouvèl jan Abnè te
mouri lavil Ebwon, kè l' kase nèt. Tout pèp Izrayèl la te
tèt anba. 2 Ichbochèt te gen nan lame li a de chèf piyajè
ki te rele Bana ak Rekab. Yo te pitit Rimon, yon nonm nan
branch fanmi Benjamen an ki te rete lavil Bewòt. Yo te
toujou mete nan tèt yo lavil Bewòt se pou branch fanmi
Benjamen an li ye, 3 depi lè moun Bewòt yo te kouri kite
lavil la pou y' al lavil Gitayim, kote y'ap viv jouk koulye a.
4 Jonatan, pitit Sayil la, te gen yon pitit gason yo te rele
Mefibochèt. Li te enfim nan tou de pye l' yo. Li te gen
senkan lè Sayil ak Jonatan mouri. Lè nouvèl lanmò yo
rive soti lavil Jizreyèl, nouris la pran Mefibochèt, li kouri al
kache avè l'. Men, pandan l'ap prese kouri a, pitit la sot
tonbe nan men l'. Se konsa li vin enfim nan pye. 5 Rekab
ak Bana, pitit gason Rimon, moun lavil Bewòt la, pati pou
lakay Ichbochèt. Yo rive vè midi. Lè sa a, Ichbochèt t'ap fè
yon ti dòmi pou poze kò l'. 6 Fanm ki t'ap veye bò pòt la
t'ap triye ble, men li te kite dòmi pran l'. Se konsa mesye
yo fofile kò yo antre nan kay la. 7 Lè yo rive anndan, y' al
nan pyès chanm kote Ichbochèt te kouche ap dòmi an,
yo touye l'. Lèfini, yo koupe tèt li, yo pran l', yo pati avè
l'. Yo pase nwit lan ap mache nan fon Jouden an. 8 Yo
pote tèt Ichbochèt bay David lavil Ebwon. Yo di l' konsa: -
Men tèt Ichbochèt, pitit Sayil la, moun ki pa t' vle wè ou
la, moun ki t'ap chache touye ou la. Jòdi a Seyè a bay
monwa chans pou li tire revanj sou Sayil ansanm ak sou
rès fanmi li. 9 David reponn yo: -Mwen fè sèman devan
Seyè a ki delivre m' nan tout malè, 10 lè moun ki te vin
fè m' konnen Sayil te mouri a te kwè se yon bon nouvèl
li t'ap pote ban mwen, mwen pran l', mwen fè touye l'
lavil Ziklag. Men rekonpans mwen te ba li pou bon nouvèl
sa a. 11 Sa pral pi rèd toujou pou nou, bann mechan, ki
touye yon inonsan anndan lakay li, nan kabann li. Mwen
pral fè nou peye pou touye nou touye l' la, mwen pral fè
yo disparèt nou sou latè. 12 David bay sòlda yo lòd epi yo
touye Rekab ak Bana. Yo koupe de men ak de pye yo. Y'
al pann yo bò rezèvwa dlo Ebwon an. Apre sa, yo pran tèt
Ichbochèt, y' al antere l' Ebwon, nan tonm Abnè a.

5 Tout branch fanmi Izrayèl yo vin jwenn David lavil
Ebwon, yo di l' konsa: -Nou se moun menm ras,
menm fanmi avè ou. 2 Depi lontan, menm sou rèy Sayil,
se ou menm ki te kòmande lame pèp Izrayèl la kote l'
pase. Lèfini ankò, Seyè a te pwomèt se ou menm ki pral
gouvènen pèp li a, pèp Izrayèl la, se ou menm ki pral chèf
yo. 3 Se konsa tout chèf fanmi pèp Izrayèl yo vin jwenn
David lavil Ebwon. Yo pase yon kontra avè l' devan Seyè
a. Yo fè seremoni, yo mete l' wa sou pèp Izrayèl la tou. 4
David te gen trantan lè l' rive wa. Li kòmande pandan
karantan. 5 Antan lavil Ebwon, li kòmande moun Jida yo
pandan sètan simwa. Lavil Jerizalèm, li kòmande ni moun
pèp Izrayèl yo ni moun pèp Jida yo pandan tranntwazan.
6 Apre sa, wa David pati pou lavil Jerizalèm ansanm ak
sòlda li yo, li al atake moun Jebis yo ki te rete nan zòn sa
a. Moun Jebis yo te konprann David pa ta ka antre pran
lavil la. Yo di l' konsa: -Ou p'ap janm ka rive antre nan lavil
nou an. Ata moun je pete ak moun enfim ka gen kont fòs
pou mete ou deyò. 7 Men, David pran gwo fò ki te sou tèt
mòn Siyon an. Se li yo rele lavil David la. 8 Jou sa a,
David te di moun pa li yo: -Tout moun ki vle atake moun
Jebis yo va pase nan kannal la, y'a tonbe sou bann enfim
ak je pete sa yo ki pa vle wè m' yo. Se depi lè sa a yo di
moun je pete ak moun enfim pa gen dwa mete pwent pye
yo nan Tanp Seyè a. 9 Apre sa, David al rete nan gwo fò
a, li rele l' lavil David la. Lèfini, li bati lòt kay fè wonn fò a,
depi sou teras la rive bò palè a. 10 Chak jou David t'ap
vin pi fò. Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a, te avè l'.
11 Se konsa, Iram, wa lavil Tir la, delege kèk mesaje bò

kot David ak yon chajman bwa sèd. Li voye tou kèk bòs
chapant ak bòs mason ki bati yon palè pou David. 12 Lè
sa a atò, David wè tout bon vre se Seyè a menm ki te
mete l' wa pèp Izrayèl la. Se li menm menm ki te fè tout
bagay mache byen pou gouvènman li a, akòz pèp li a,
pèp Izrayèl la. 13 Lè David kite lavil Ebwon pou li al lavil
Jerizalèm, rive la li pran lòt madanm ak lòt fanm kay ki
ba li lòt pitit gason ak lòt pitit fi. 14 Men jan yo te rele
pitit David ki te fèt lavil Jerizalèm yo: Chamwa, Chobab,
Natan, Salomon, 15 Jibka, Elichwa, Nefèg, Jafya, 16
Elichama, Elyada ak Elifelèt. 17 Lè moun Filisti yo vin
konnen yo te mete David wa pèp Izrayèl la, yo tout yo
leve pou y' al mete men sou li. Lè David pran nouvèl la,
li desann al kache nan yon fò. 18 Moun Filisti yo rive,
yo pran tout fon Refayim lan pou yo. 19 David pale ak
Seyè a, li mande l': -Eske se pou m' atake moun Filisti
yo? Eske w'ap lage yo nan men m'? Seyè a reponn li: -
Wi, atake yo. M'ap lage yo nan men ou. 20 David ale Baal
Perazim. li bat moun Filisti yo. Lèfini, li di: -Tankou yon
lavalas, Seyè a pase, li louvri yon pasaj pou mwen nan
mitan lènmi m' yo. Se poutèt sa yo rele kote sa a Baal
Perazim. 21 Moun Filisti yo te kouri kite zidòl yo dèyè nan
plenn lan. David ak moun pa l' yo pran yo pote ale. 22
Moun Filisti yo tounen nan fon Refayim lan, yo pran tout
plenn lan pou yo ankò. 23 David mande Seyè a sa pou l'
fè. Seyè a di l': -Pa atake yo pa devan. Pase pa dèyè yo.
Pare kò ou pou ou atake yo bò pye gayak yo. 24 Lè w'a
tande yon bri tankou bri pye yon moun k'ap mache sou tèt
pyebwa yo, w'a fonse sou yo. Paske sa vle di m'ap pran
devan ou pou m' bat lame moun Filisti yo. 25 David fè sa
Seyè a te mande l' fè a. Li bat moun Filisti yo, li kouri
dèyè yo depi Lavil Gebarive lavil Gezè.

6 Yon lòt fwa ankò, David reyini tout pi bon sòlda pèp
Izrayèl la. Sa te fè antou trantmil (30.000) gason. 2 Li
leve, li pati pou Balat nan peyi Jida ansanm ak tout sòlda
ki te avè l' yo. Li tapral chache Bwat Kontra Bondye a,
bwat ki pote non Seyè ki gen tout pouvwa a, Seyè ki gen
fotèy li anwo zanj cheriben yo. 3 Yo pran Bwat la kay
Abenadab sou mòn lan, mete l' sou yon kabwa tou nèf, yo
pote l' ale. Ouza ak Akiyo, pitit gason Abenadab yo, t'ap
mennen kabwa 4 kote yo te mete Bwat Kontra Bondye a.
Akiyo t'ap mache devan kabwa a. 5 David ansanm ak
tout moun pèp Izrayèl yo menm t'ap danse ak tout nanm
yo. Yo t'ap chante fè lwanj Seyè a. Yo t'ap jwe gita ak
bandjo. Yo t'ap bat tanbou, tanbouren ak senbal. 6 Lè
yo rive bò glasi Nakon an, bèf yo bite, yo manke tonbe.
Ouza lonje men l', li soutni Bwat Kontra a. 7 Men Seyè
a move sou Ouza, li touye l' frèt paske li pa t' gen dwa
manyen Bwat Kontra a. Ouza mouri la toupre Bwat Kontra
a. 8 David menm te fache dèske Seyè a te touye Ouza
konsa. Se poutèt sa depi lè sa a yo rele kote sa a Perèz-
Ouza, non ki rete pou li jouk jounen jòdi a. 9 Lè sa a,
David vin pè Seyè a. Li di li pa wè ki jan pou l' pran Bwat
Kontra a lakay li. 10 Se konsa li pran desizyon pou l'
pa pote Bwat Kontra Seyè a lakay li nan Lavil David la.
Li fè yo pote l' kay Obèdedon, yon moun lavil Gat. 11
Bwat la pase twa mwa lakay li. Seyè a te beni Obèdedon
ansanm ak tout moun lakay li. 12 Lè David tande jan Seyè
a te beni Obèdedon ak tout moun lakay li, jan zafè l' t'ap
mache byen poutèt Bwat Kontra a, David pati, li ale kay
Obèdedon, li pran Bwat Kontra Seyè a pou pote l' nan
Lavil David la avèk gwo seremoni sou tout wout la. 13 Lè
moun ki t'ap pote Bwat Kontra Seyè a fè sis pa annavan,
David fè yo rete, li touye yon gwo towo ak yon ti towo bèf
chatre pou Seyè a. 14 Apre sa, David pran danse ak tout
nanm li devan Seyè a. Li pa t' gen pase yon moso twal
fen blan mare nan ren l'. 15 Se konsa, li menm ak tout
pèp Izrayèl la, yo pote Bwat Kontra Seyè a lavil Jerizalèm.
Yo t'ap fè fèt, yo t'ap kònen twonpèt sou tout wout la. 16
Antan yo t'ap antre ak Bwat Kontra a nan lavil David la,
Mikal, pitit fi Sayil la, te kanpe bò yon fennèt ap gade. Li
wè David ki t'ap danse fè laviwonn devan Seyè a. Li vin
pa gen yon san pou li ankò. 17 Yo pote Bwat Kontra Seyè
a, yo mete l' nan plas li nan tant David te moute pou li
a. Apre sa, David ofri bèt pou boule nèt pou Seyè a ak
ofrann pou di Bondye mèsi. 18 Lè David fin fè ofrann sa
yo, li beni pèp la nan non Seyè ki gen tout pouvwa a. 19
Li separe manje bay tout moun pèp Izrayèl yo, fanm kou
gason. Li ba yo chak yon pen, yon moso vyann woti ak
yon pen rezen. Lèfini, tout moun al lakay yo. 20 Apre sa,
David al lakay li pou l' beni fanmi pa l' tou. Men, Mikal,
pitit fi Sayil la, soti vin kontre li. Epi li di l' konsa: -Ala yon
bèl bagay wa pèp Izrayèl la fè pou tèt li jòdi a! Tou sa yon
vakabon ta fè. Li wete rad sou li devan tout sèvant moun
k'ap sèvi avè l' yo! 21 David reponn li: -Se vre. Mwen t'ap
danse pou m' te fè lwanj Seyè a ki te pito m' pase papa
ou ak tout fanmi ou. Li chwazi m', li mete m' chèf pèp
Izrayèl la, pèp li a. M'ap toujou ka danse devan l' pou m'
fè lwanj li. 22 M'ap desanm tèt mwen pi ba toujou pase
sa. Dapre ou, se desann m'ap desann sousi m'. Men,
sèvant w'ap pale yo ap toujou ka leve m' anlè. 23 Mikal,
pitit fi Sayil la, pa janm fè pitit jouk li mouri.

7 Wa David te byen chita nan palè li. Seyè a te pwoteje
l', li te fè tout lènmi ki te alantou peyi a pa chache l'
kont ankò. 2 Wa a pale ak pwofèt Natan, li di l' konsa: -
Gade! Mwen rete nan yon kay bati ak bwa sèd, men Bwat
Kontra Seyè a se anba yon kay twal li ye. 3 Natan reponn
li: -Tou sa ou gen lide fè, ou mèt fè l', paske Seyè a kanpe
la avè ou. 4 Men, menm jou lannwit sa a, Seyè a pale
ak Natan, li di l' konsa: 5 -Ale di David, sèvitè m' lan,
men sa mwen menm Seyè a, mwen voye di l': Se pa ou
menm ki pral bati yon tanp pou m' rete. 6 Depi jou mwen
te fè moun pèp Izrayèl yo soti kite peyi Lejip rive jòdi a,
mwen pa janm rete nan yon kay. Tout kote m' pase se
anba yon tant twal mwen toujou ye. 7 Nan tout deplase
mwen ansanm ak moun Izrayèl yo, mwen pa janm mande
yonn nan chèf mwen te chwazi pou gouvènen pèp mwen
an poukisa yo pa bati yon kay an bwa sèd pou mwen.
8 Koulye a, men sa w'a di David, sèvitè m' lan: Men sa

Seyè ki gen tout pouvwa a voye di ou: Se mwen menm
ki te pran ou dèyè mouton ou t'ap gade nan savann yo,
mwen mete ou chèf pèp mwen an. 9 Nan tou sa ou t'ap
fè, mwen te kanpe la avè ou. Mwen kraze tout lènmi ou
yo devan ou. Mwen pral fè yo nonmen non ou tankou y'ap
nonmen non pi gwo chèf ki sou latè. 10 Lèfini, mwen pare
yon kote pou pèp Izrayèl mwen an. Mwen pral tabli yo la
pou yo ka viv san yo pa bezwen pè anyen ankò. Mechan
yo p'ap vin maltrete yo ankò jan yo te konn fè l' anvan
an, 11 lè mwen te mete jij yo pou gouvènen pèp Izrayèl
mwen an. M'ap delivre ou anba men tout lènmi ou yo.
Mwen te fè ou konnen m'ap ba ou pitit ak pitit pitit. 12 Lè
lè a va rive pou ou mouri, lè y'a antere ou, m'ap pran
yonn nan pitit ou yo, m'ap mete l' wa nan plas ou. M'ap fè
gouvènman l' lan kanpe fèm. 13 Se li menm ki va bati
yon tanp pou mwen. M'ap fè gouvènman l' lan kanpe fèm
pou tout tan. 14 M'ap yon papa pou li. Li menm l'ap yon
pitit pou mwen. Si li fè sa ki mal, m'ap korije l' tankou
yon papa korije pitit gason li. 15 Men, m'ap toujou soutni
l', mwen p'ap lage l' jan mwen te lage Sayil lè mwen te
kite l' tonbe pou m' te mete ou nan plas li. 16 Ap toujou
gen moun nan fanmi ou chita sou fotèy la ap gouvènen
apre ou, paske m'ap fè gouvènman fanmi ou lan kanpe
fèm pou tout tan. 17 Natan rakonte David tou sa Bondye
te fè l' konnen nan vizyon an. 18 Apre sa, wa David ale
nan tanp lan, li chita devan Seyè a, li di l' konsa: -Seyè,
Bondye sèl Mèt la, kisa mwen ye, kisa fanmi mwen ye
pou ou te fè tou sa ou deja fè pou nou? 19 Men ou wè sa
pa kont toujou, Seyè, Bondye sèl Mèt la, kifè koulye a
w'ap fè konnen sa ki pral rive fanmi mwen denmen nan
lanne k'ap vini yo. Epi ou fè m' konn sa, mwen menm ki
yon senp moun, Seyè, Bondye sèl Mèt la! 20 Kisa mwen
menm David, mwen ka di ou, Seyè, apre sa? Ou konnen
ki moun mwen ye, mwen menm k'ap sèvi ou la. 21 Se
paske ou te fè pwomès la, se paske ou te vle l' konsa,
kifè ou te fè tout bèl bagay sa yo pou ou te fè m' konnen
yo. 22 Seyè, Bondye mwen, ala gwo pouvwa ou la gwo!
Pa gen tankou ou! Pa gen lòt Bondye pase ou menm! Yo
te toujou di nou sa. 23 Pa gen lòt nasyon sou latè tankou
pèp Izrayèl la! Se ou menm ki delivre yo pou yo te ka
tounen yon pèp ki rele ou pa ou. Se pou yo ase ou fè sa.
Toupatou sou latè, y'ap nonmen non ou yo pou gwo mirak
ak bèl bagay ou fè pou yo. Ou mete lòt nasyon deyò nan
peyi ou la ansanm ak bondye yo pou fè plas pou pèp ou,
pèp ou te delivre anba pouvwa pèp peyi Lejip la, pou yo
te ka tounen pèp pa ou. 24 Ou fè pèp Izrayèl la tounen
pèp pa ou pou tout tan, ou menm ou tounen Bondye yo.
25 Koulye a, Seyè, Bondye, se pou ou kenbe pwomès ou
te fè sèvitè ou la ansanm ak fanmi li an. Se pou ou fè sa
ou di w'ap fè a. 26 Toupatou sou latè y'a toujou rekonnèt
jan ou gen pouvwa. y'a di se Seyè ki gen tout pouvwa a ki
Bondye pèp Izrayèl la. Konsa, gouvènman ki nan men
fanmi David, sèvitè ou la, va kanpe fèm pou tout tan anba
pwoteksyon ou. 27 Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye
pèp Izrayèl la, se ou menm ki te fè m' konnen tou sa.
Ou te di m', mwen menm sèvitè ou la, w'ap ban mwen
yon fanmi, lèfini w'ap fè baton gouvènman an toujou rete
nan men fanmi mwen. Se poutèt sa mwen gen kouraj
fè lapriyè sa a nan pye ou. 28 Koulye a, Seyè sèl Mèt,
se ou ki Bondye tout bon an. Ou toujou kenbe pwomès
ou yo. Gade bèl pawòl kè kontan ou di sèvitè ou la! 29
Tanpri, beni tout fanmi mwen apre mwen pou yo ka toujou
anba pwoteksyon ou. Wi, Seyè sèl Mèt, ou te pwomèt
mwen sa. Se pou ou toujou voye benediksyon ou sou
fanmi mwen.

8 Apre sa, David atake moun Filisti yo ankò. Li bat yo
byen bat. Se konsa li kraze pouvwa yo te gen nan peyi
a, li pran peyi a nan men yo. 2 Lèfini li bat moun peyi
Moab yo. Li fè prizonye yo kouche plat atè. Pou chak
twa ladan yo, li touye de, li kite yonn vivan. Depi lè sa a
moun peyi Moab yo soumèt devan David nèt. Li fè yo
peye taks ba li chak lè. 3 Apre sa, li bat Adadezè, pitit
gason Reyòb, wa peyi Zoba a, ki t'ap mache pran zòn ki
sou anwo larivyè Lefrat la. 4 David pran mil sètsan (1700)
kavalye nan lame wa Adadezè a, li fè yo prizonye ansanm
ak venmil (20.000) sòlda ki t'ap mache apye. Lè li fin wete
kont chwal pou san cha lagè, li fè koupe jarèt tout rès
chwal yo. 5 Moun peyi Siri ki te rete lavil Damas yo voye
yon lame pou pote Adadezè, wa peyi Zoba a, konkou.
David atake yo, li bat yo tou. Li touye venndemil (22.000)
sòlda. 6 Apre sa, David mete kèk ganizon sòlda pa l' nan
teritwa Damas la. Moun peyi Siri yo soumèt devan li. Li
fè yo peye l' taks chak lè. Se konsa, Seyè a te fè David
genyen tout batay kote l' pase. 7 David sezi tout gwo plak
pwotèj an fè chèf lame wa Adadezè yo, li pote yo lavil
Jerizalèm. 8 Li pran yon gwo kantite kwiv li te jwenn lavil
Beta ak lavil Bewotayi, ki te pou Adadezè. 9 Lè Tòy, wa
lavil Amat la, tande jan David te kraze tout lame Adadezè
a, 10 li voye pitit li, Joram, al wè David pou di l' bonjou epi
pou fè l' konpliman dèske li te bat Adadezè, paske Tòy te
toutan ap fè lagè ak Adadezè. Joram te pote kado fèt an
lò, an ajan ak an kwiv bay David. 11 Wa David pran tout
bagay sa yo, li mete yo apa pou sèvis Seyè a ansanm ak
tout lò ak ajan li te pran lakay moun lòt nasyon li te fè
soumèt devan li, 12 ki vle di moun peyi Edon, moun peyi
Moab, moun peyi Amon, moun peyi Filisti ak moun peyi
Amalèk. Li fè menm bagay la tou ak tou sa li te pran apre
lagè ak Adadezè, pitit Reyòb, wa Zoba a. 13 Non David
te nan bouch tout moun pi rèd toujou, lè li te fin touye
dizwitmil (18.000) moun peyi Edon nan fon Sèl la. 14 Li
mete kèk ganizon sòlda pa l' nan teritwa Edon an. Moun
Edon yo soumèt devan li. Li fè yo peye l' taks chak lè. Se
konsa Seyè a te fè David genyen tout batay kote l' pase.
15 David t'ap gouvènen tout pèp Izrayèl la. Li te fè tout
moun jistis san patipri. Li te fè tout zafè l' dwat. 16 Joab,
pitit gason Sewouya a, te kòmandan lame a. Jozafa, pitit
gason Akiloud la, te reskonsab achiv yo. 17 Zadòk, pitit
gason Akitoub la, ak Akimelèk, pitit gason Abyata a, te
prèt. Seraja te sekretè. 18 Benaja, pitit gason Jeojada a,

te chèf keretyen ak peletyen yo ki te gad pèsonèl wa a.
Pitit gason David yo menm te prèt.

9 Yon jou, David mande: -Pa rete yon moun menm nan
fanmi Sayil la? Si genyen, mwen ta renmen aji byen
avè l' poutèt Jonatan. **2** Te gen yon domestik ki t'ap travay
lakay Sayil ki te rele Ziba. Yo fè chache l', yo mennen l'
bay wa a. Wa a mande l': -Se ou menm nonm yo rele
Ziba a? Li reponn: -Wi, monwa. Mwen la pou m' sèvi ou.
3 Wa a mande l': -Pa gen yon moun ki rete nan fanmi
Sayil la, pou m' ka fè kichòy pou li jan mwen te pwomèt
sa devan Bondye? Ziba reponn li: -Wi, gen yonn nan pitit
gason Jonatan yo ki vivan toujou. Men, li enfim nan tou
de pye l' yo. **4** Wa a mande l': -Kote l' ye? Ziba reponn: -Li
kay Maki, pitit gason Amiyèl la, lavil Lodeba. **5** Se konsa,
David voye chache l'. **6** Lè Mefibochèt, pitit Jonatan, pitit
pitit Sayil la, rive, li mete ajenou, li bese tèt li rive atè
devan David. David di l' konsa: -Mefibochèt? Li reponn: -
Se mwen menm, monwa. M' la pou m' sèvi ou. **7** David di
l' konsa: -Ou pa bezwen pè. Mwen pral aji byen avè ou
poutèt Jonatan, papa ou. M'ap renmèt ou tout tè ki te
pou Sayil, granpapa ou. Lèfini, chak jou w'a vin manje
sou tab avè m'. **8** Mefibochèt bese tèt li byen ba ankò, li
di: -Monwa, poukisa w'ap okipe yon vye chen tou mouri
tankou mwen? **9** Lè sa a, wa a rele Ziba, domestik Sayil
la, li di l' konsa: -Mwen renmèt Mefibochèt, pitit pitit gason
mèt ou a, tou sa ki te pou Sayil ak fanmi l'. **10** Ou men,
ansanm ak pitit gason ou yo ak moun k'ap sèvi avè ou yo,
nou pral travay tè a pou li. W'a pote rekòt la ba li pou rès
fanmi l' ka jwenn manje pou yo manje. Men, Mefibochèt
li menm ap toujou vin manje chak jou sou tab avè m'.
Ziba te gen kenz pitit gason ak ven moun k'ap sèvi l'.
11 Ziba reponn li: -M'ap fè tou sa monwa ban m' lòd fè.
Se konsa, Mefibochèt toujou manje sou tab ansanm ak
David tankou si li te yonn nan pitit wa a. **12** Mefibochèt te
gen yon pitit gason ki te piti joujou. Li te rele Mika. Tout
moun ki te rete kay Ziba t'ap travay pou Mefibochèt. **13**
Se konsa, Mefibochèt ki te enfim nan tou de pye l' yo rete
lavil Jerizalèm. Li t'ap manje chak jou sou tab ansanm ak
wa a.

10 Kèk tan apre sa, Nakach, wa lavil Amon an, mouri.
Se pitit li, Anoun, ki moute wa nan plas li. **2** David di:
-Se pou m' aji byen ak Anoun menm jan papa l', Nakach,
te aji byen avè m'. Se konsa David voye mesaje al di
Anoun jan sa te fè l' lapenn lè l' pran nouvèl lanmò papa
l'. Lè mesaje yo rive lavil Amon, **3** chèf moun Amon yo di
wa Anoun konsa: -Pa konprann se sèlman pou lanmò
papa ou la kifè David voye mesaje sa yo bò kote ou pou
konsole ou. Detwonpe ou. Li voye yo isit la pou yo wè jan
lavil la ye, pou yo gade byen jan sa ap pase nan lavil
la. Konsa, pita li ka vin pran lavil la nan men nou. **4** Sa
Anoun fè lè sa a, li pran moun David te voye yo, li raze
tout yon bò nan bab yo, li koupe anba rad yo ra dèyè yo,
li voye yo tounen. **5** Mesye yo te wont anpil pou yo te
tounen lakay yo konsa. Lè David vin konn sa ki te rive
yo, li voye di yo rete lavil Jeriko, y'a tounen lakay yo lè
bab yo va pouse ankò. **6** Moun Amon yo vin konprann
yo te fè David fache. Yo voye chache venmil (20.000)
sòlda lavil Bètreyòb ak lavil Zoba nan peyi Aram lan, ak
douzmil (12.000) gason lavil Tòb. Yo voye chache wa
lavil Maka a tou ansanm ak mil (1.000) sòlda. Yo peye yo
pou yo vin goumen pou yo. **7** David menm vin konn sa, li
voye Joab ak tout lame vanyan sòlda li yo al kontre yo. **8**
Moun Amon yo soti, y' al pran pozisyon devan pòtay lavil
Raba, kapital yo a. Moun Aram ki soti lavil Bètreyòb ak
lavil Zoba yo ansanm ak mesye lavil Tòb yo ak mesye
lavil Maka yo pran pozisyon nan plenn lan. **9** Joab te wè
lame lènmi yo te ka atake l' ni sou devan ni sou dèyè.
Sa l' fè? Li chwazi pi bon sòlda nan lame pèp Izrayèl la,
li mete yo an pozisyon devan lame moun Aram yo. **10**
Lèfini, li mete Abichayi, frè l' la, alatèt rès lame a, li fè yo
pran pozisyon devan moun Amon yo. **11** Joab di Abichayi
konsa: -Si ou wè moun Aram yo soti pou yo bat mwen,
w'a vin ede m'. Konsa tou, si mwen wè moun Amon yo vle
pi fò pase ou, m'a vin ede ou. **12** Mete gason sou nou.
Kouraj! Nou pral goumen rèd mare pou pèp nou an ak
pou lavil Bondye nou an. Bondye va fè sa li vle li menm.
13 Joab ak sòlda li yo mache sou moun Aram yo. Moun
Aram yo kouri pou li. **14** Lè moun Amon yo wè moun
Aram yo kouri ale, yo kouri tou pou Abichayi, yo antre nan
lavil la. Lè sa a, Joab sispann batay la ak moun Amon yo,
li tounen lavil Jerizalèm. **15** Lè moun Aram yo wè moun
Izrayèl yo te bat yo ankò, yo sanble dènye sòlda yo te
genyen. **16** Adadezè voye yon mesaj bay moun Aram ki
rete lòt bò larivyè Lefrat la, pou yo pare vin goumen pou
li. Yo reyini lavil Elam. Se Chobak, chèf lame Adadezè a,
ki te alatèt yo. **17** Lè David vin konn sa, li sanble tout
lame pèp Izrayèl la, li janbe lòt bò larivyè Jouden, li rive
Elam. Moun Aram yo pran pozisyon devan li. Epi batay la
konmanse. **18** Moun Izrayèl yo fè moun Aram yo kouri
met deyò. David ak sòlda li yo touye sètsan (700) sòlda ki
te sou cha lagè, katòzmil (14.000) sòlda ki te sou chwal.
Yo blese Chobak, chèf lame lènmi yo, ki mouri la menm
kote yo t'ap goumen an. **19** Lè tout ti wa ki te mete tèt
ansanm ak Adadezè yo wè jan moun Izrayèl yo te bat yo,
yo fè lapè ak yo, yo soumèt devan yo. Se konsa, moun
Aram pa pran chans al pote moun Amon yo sekou ankò.

11 Nan prentan apre sa, nan epòk wa yo konn soti
pou al fè lagè, David voye Joab ansanm ak tout lòt
ofisye yo alatèt lame pèp Izrayèl la al goumen ak moun
Amon yo. Yo ravaje peyi Amon an, yo sènen lavil Raba.
David menm te rete lavil Jerizalèm. **2** Yon jou, bò aswè,
David te fin fè yon ti poze, li leve, li soti al sou teras ki
anwo palè a. Antan li la, li wè yon fanm ki t'ap benyen.
Fanm lan te bèl anpil. **3** Li voye chache konnen ki moun
fanm lan te ye. Yo vin di l' se Batcheba, pitit fi Eliyam
lan, madan Ouri, moun peyi Et la. **4** David voye mesaje
al chache l' mennen l' ba li, li kouche avè l'. Lè sa a
Batcheba te fèk fin fè sèvis pou l' fè apre règ li. Apre sa,
Batcheba tounen lakay li. **5** Fanm lan vin ansent. Li voye

nouvèl bay David pou fè l' konn sa. 6 David voye yon
mesaj bay Joab, li mande l' pou l' voye Ouri, moun peyi Et
la, ba li. Se konsa, Joab voye Ouri bay David. 7 Lè Ouri
rive, David mande l' nouvèl Joab ak sòlda yo, ki jan batay
la ye. 8 Apre sa, li di Ouri: -Desann al lakay ou non! Al
poze kò ou! Ouri soti. David voye yon kado pou li lakay
li. 9 Men Ouri pa al lakay li. Li kouche bò pòtay palè a
ansanm ak tout lòt sòlda wa yo. 10 Lè David vin konnen
Ouri pa t' al lakay li, li mande l': -Ou fèk antre soti nan
vwayaj, poukisa ou pa al lakay ou? 11 Ouri reponn David:
-Sòlda Izrayèl yo ak sòlda Jida yo byen lwen ap fè lagè,
Bwat Kontra Seyè a ansanm ak yo. Kòmandan Joab ak
lòt chèf lame monwa yo ap pase nwit deyò nan plenn yo.
Ki jan ou vle pou m' al lakay mwen, manje, bwè, kouche
ak madanm mwen? Mwen fè sèman sou tèt ou, menm jan
ou vivan an, m' pa ka janm fè bagay konsa. 12 David di li:
-Bon. Ou mèt rete pase rès jounen an isit la. Denmen m'a
voye ou ale. Se konsa, Ouri rete lavil Jerizalèm pou de
jou ankò. 13 David envite l' vin manje avè l'. Li fè l' bwè
jouk li sou. Men jou swa sa a tou, Ouri pa desann al lakay
li. Li kouche sou kabann li ansanm ak sòlda palè wa yo.
14 Nan denmen, David ekri Joab yon lèt, li bay Ouri pote l'
ale. 15 Nan lèt la, li te ekri: W'a mete Ouri devan nèt, kote
batay la pi cho a. Apre sa, rale kò ou dèyè, kite yo touye l'.
16 Se konsa, Joab ki te sènen lavil Raba a voye Ouri kote
li te konnen lènmi yo te pi fò a. 17 Lame lènmi yo soti nan
lavil la, yo vin kontre ak lame Joab la. Gen anpil sòlda ak
anpil ofisye lame David la ki te mouri. Ouri, moun peyi Et
la, mouri tou. 18 Joab voye rakonte David tout ti detay
sou jan batay la pase. 19 Epi li bay mesaje a lòd sa a: -Lè
w'a fin rakonte wa a tout ti detay batay la, 20 li ka fè kòlè,
li ka di ou: Poukisa nou te pwoche pre lavil la konsa pou
m' te goumen ak lènmi yo? Se konnen nou pa konnen yo
te ka rete sou tèt miray la pou yo tire flèch sou nou? 21
Nou gen lè bliye jan Abimelèk, pitit Jedeyon an te mouri
lavil Tebès? Se yon fanm ki te rete sou tèt miray la, li voye
yo wòl moulen sou li, li touye l' frèt. Poukisa atò nou te
pwoche pre lavil la konsa? Si wa a pale konsa avè ou, w'a
di l': Ouri, moun peyi Et la, ofisye lame ou la, mouri tou.
22 Mesaje a ale, li rakonte David tou sa Joab te ba li lòd
rakonte l' la. 23 Li di l': -Lènmi nou yo te pi fò pase nou.
Yo fè yon soti nan lavil la, yo vin goumen avè nou nan
plenn lan. Men nou fè yo kase tèt tounen, nou kouri dèyè
yo jouk devan pòtay lavil la. 24 Se lè sa a, yo rete sou tèt
miray yo, yo voye flèch sou nou. Gen kèk ofisye lame wa
a ki mouri. Ouri, moun peyi Et la, ofisye wa a, mouri tou.
25 David di mesaje a: -Ankouraje Joab. Di li li pa bezwen
kite sa fatige l' twòp. Se toujou konsa lè y'ap fè lagè. Ou
pa janm konnen kilès ki pral mouri. Di li pare pou li fè yon
gwo atak sou lavil la pou li pran l'. 26 Lè Batcheba vin
pran nouvèl mari l' te mouri, li pran lapenn pou li. 27 Lè
seremoni lantèman yo fini, David voye chache l', li pran l'
lakay li. Batcheba vin madanm li. Li fè yon pitit gason pou
David. Men, sa David te fè a pa t' fè Seyè a plezi menm.

12 Seyè a voye pwofèt Natan kot David. Natan rive
kote l', li di l' konsa: -Vwala te gen de nonm ki t'ap
viv nan yon lavil. Yonn te rich, lòt la te pòv. 2 Nonm rich la
te gen mouton ak bèf an kantite. 3 Pòv la menm pa t' gen
pase yon sèl ti mouton li te achte. Li swen li. Se anndan
lakay li ansanm ak pitit li yo ti mouton an grandi. Se nan
asyèt malere a menm ti mouton an te konn manje. Se nan
gode l' li bwè dlo. Se sou janm li li konn dòmi. Ti mouton
an te tankou yon pitit fi pou li. 4 Yon jou, yon vizitè vin rive
lakay nonm rich la. Nonm rich la pa t' santi kouraj li pou l'
te pran yonn nan mouton l' yo osinon nan bèf li yo pou l'
fè manje bay vizitè a. Li pran ti mouton malere a, li fe
manje ak li bay vizitè ki te lakay li a. 5 David fache anpil
sou nonm rich la. Li di Natan konsa: -Mwen fè sèman nan
non Seyè ki vivan an! Nonm ki fè bagay sa a merite pou
yo touye l'. 6 Pou l' peye bagay lèd li fè a, l'ap renmèt kat
fwa lavalè sa l' te pran an, paske li san pitye. 7 Le sa a,
Natan di David: -Nonm sa a, se ou menm! Men mesaj
Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, voye ba ou: Mwen te fè ou
wa pèp Izrayèl la. Mwen sove ou anba men Sayil. 8 Mwen
ba ou baton kòmandman ki te nan men l' lan ansanm ak
tout madanm li yo. Mwen mete ou wa pou gouvènen ni
moun Izrayèl yo, ni moun Jida yo. Si sa pa t' kont toujou,
mwen ta ba ou menm de fwa lavalè ankò. 9 Poukisa atò
ou pa swiv lòd mwen yo? Poukisa ou fè mechanste sa
a? Ou fè yo touye Ouri nan lagè, ou kite moun Amon yo
touye l'. Lèfini, ou pran madanm li! 10 Koulye a, paske ou
pa t' koute m', paske ou pran madan Ouri, moun Et la,
pou madanm ou, nan fanmi ou ap toujou gen goumen.
11 Men sa mwen menm Seyè a, mwen di: M'ap fè yon
moun nan fanmi ou menm soti pou ba ou traka. M'ap
wete madanm ou yo nan men ou, m'ap bay yon moun
nan fanmi ou yo. L'a kouche avèk yo devan tout moun. 12
Ou menm, ou te fè zafè ou la an kachèt. Mwen menm,
m'ap fè sa rive devan tout moun pou tout pèp Izrayèl la
ka wè sa. 13 David di Natan konsa: -Wi, mwen rekonèt
mwen peche kont Seyè a! Lè sa a Natan di l' konsa: -
Bondye sèl Mèt la p'ap pini ou pou sa ou fè a, ou p'ap
mouri. 14 Sèlman, ak sa ou fè la a, ou moutre jan ou ka
derespekte Seyè a. Se poutèt sa pitit ou fèk genyen an
ap mouri. 15 Apre sa, Natan al lakay li. Seyè a fè pitit
madan Ouri te fè pou David la vin malad grav. 16 David
tonbe lapriyè Seyè a pou ti gason an. Li derefize mete
anyen nan bouch li. Chak swa, li antre nan chanm li, li
pase nwit lan kouche atè. 17 Chèf ki te reskonsab palè li
a al jwenn li, yo fè sa yo kapab pou fè l' leve atè a, men li
derefize. Konsa tou, li pa t' vle manje avèk yo. 18 Apre
yon senmenn, pitit la mouri. Chèf kay David yo te pè al ba
li nouvèl la. Yo t'ap di: Si lè pitit la te malad ase, David
te refize reponn nou lè nou pale avè l', ki jan pou n' al
di l' koulye a pitit la mouri? Li ka fè malè sou tèt li. 19
Men David wè moun li yo t'ap pale nan zòrèy yonn ak
lòt, li vin konprann pitit la mouri. Li mande yo: -Pitit la
mouri? Yo reponn li: -Wi, li mouri. 20 David leve atè a, li al
benyen, li penyen tèt li, li chanje rad sou li. li ale nan kay

Seyè a, li lapriyè. Apre sa, li tounen lakay li, li mande pou
yo sèvi l' manje. Li manje. 21 Moun pa l' yo t'ap di l': -
Monwa, nou pa konprann sa w'ap fè konsa? Lè pitit la te
vivan, ou t'ap plede kriye, ou rete san manje. Men, mouri
pitit lan mouri, ou leve, ou manje. 22 David reponn yo: -
Wi, mwen t'ap kriye, mwen te rete san manje lè pitit la te
vivan toujou. Mwen te kwè Seyè a ta gen pitye pou mwen,
li pa ta kite pitit la mouri. 23 Men, koulye a, pitit la mouri,
sa m' bezwen rete san manje toujou fè? Eske mwen ka fè
l' leve ankò? Yon jou se mwen ki gen pou ale kote l' ye
a. Men li menm, li p'ap janm ka tounen vin jwenn mwen
ankò. 24 Apre sa, David al konsole Batcheba, madanm li.
Li kouche avè l', Batcheba vin ansent, li fè yon pitit gason.
David rele l' Salomon. Seyè a te renmen ti gason sa a. 25
Li bay pwofèt Natan lòd al di David rele pitit la Jedidya,
paske Seyè a te renmen l' vre. 26 Pandan tout tan sa a,
Joab t'ap goumen toujou devan lavil Raba, kapital peyi
Amon an. Li te prèt pou pran katye kote wa a te rete a. 27
Li voye mesaje al di David pou li: -Mwen atake lavil Raba.
Mwen pran rezèvwa dlo yo. 28 Koulye a, sanble tout rès
lame a, mache sou lavil la, vin pran li. Mwen pa ta vle se
mwen menm ki pran lavil la lèfini pou tout lwanj lan vin pou
mwen. 29 Se konsa, David sanble tout lame a, li mache
sou lavil Raba. Li atake l', li pran l'. 30 Estati Milkòm, zidòl
moun Amon yo, te gen yon gwo kouwòn fèt an lò sou tèt
li. Kouwòn lan te peze swasannkenz liv, li te gen yon gwo
pyè koute chè ladan l'. David pran kouwòn lò ki te sou tèt
zidòl la, li mete l' sou tèt pa l'. Lèfini, se pa de bagay li pa
pran nan lavil la. 31 Li pran moun ki te rete nan lavil la, li
fè yo travay ak goyin, wou ak rach. Li mete yo travay ap
fè brik. Li fè menm bagay la tou nan tout lòt lavil nan peyi
Amon an. Apre sa, li tounen Jerizalèm ak tout moun li yo.

13 Men sa ki vin rive apre sa: Absalon, pitit gason
David la, te gen yon sè ki te bèl anpil. Li te rele
Tama. Amnon, yon lòt pitit gason David, tonbe damou pou
li. 2 Amnon te sitèlman renmen l', li vin malad paske li pa
t' ka fè anyen pou sa. Tama te tifi toujou. Yo pa t' kite
l' kontre ak ankenn gason. 3 Men, Amnon te gen yon
zanmi, yon moun yo te rele Jonadab, pitit gason Chimeya,
frè David. Jonadab sa a te mètdam anpil. 4 Li di Amnon
konsa: -Ou se pitit wa a. Chak jou mwen wè figi ou kagou.
Sa ki genyen? Amnon reponn li: -Mwen renmen Tama, sè
Absalon, frè menm papa avè m' lan. 5 Jonadab di li: -
Pran pòz malad ou, moute kabann ou kouche. Lè papa
ou va vin wè ou, w'a di l': Tanpri, kite Tama, sè m' lan,
vin ban m' manje. Mwen ta renmen pou li pare manje
a devan m' pou m' wè l', lèfini pou l' sèvi m' manje a li
menm. 6 Se konsa Amnon moute kabann li kouche, li
pran pòz malad li. Wa David vin wè l'. Amnon di l' konsa:
-Tanpri, kite Tama vin pare de ti gato la devan m' lan,
lèfini pou l' sèvi m' yo li menm. 7 David voye komisyon
bay Tama nan palè a pou l' ale kay Amnon pare manje
pou li. 8 Tama ale vre kay Amnon, li jwenn li kouche sou
kabann li. Li pran ti gout farin frans, li pare l', li fè kèk
gato pou li devan je l'. Lèfini, li mete yo kwit. 9 Apre sa,
li wete yo nan pwelon an devan Amnon. Men, Amnon
refize manje. Li di l': -Fè tout moun soti! Lè tout moun fin
soti, 10 Amnon di Tama konsa: -Pote gato yo nan chanm
lan. Se ou menm ki pou sèvi m'. Tama pran gato li te fè
yo, li pote yo bay Amnon nan chanm lan. 11 Antan l'ap
lonje gato a ba li, Amnon mete men sou li. Li di l' konsa: -
vin kouche avè m' non, sè m'! 12 Tama di l': -Non, frè
m'! Pa fòse m'! Sa pa fèt konsa nan peyi Izrayèl! Pa fè
bagay lèd sa a. 13 Apre sa, mwen p'ap ka gade moun
nan je ankò. Ou menm, pou tèt pa ou, w'ap pase pou
yonn nan pi move moun nan peyi Izrayèl. Tanpri, pale ak
wa a. Mwen sèten li p'ap refize ou marye avè m'. 14 Men,
Amnon pa wè li pa tande, li kenbe l' la. Li te gen plis fòs
pase l', li kouche ak li. 15 Lèfini, li santi li rayi Tama pou l'
mouri. Li vin rayi l' plis pase jan li te renmen l' lan. Li di l': -
Mete ou deyò lakay mwen! 16 Tama reponn li: -A non!
Mete m' deyò konsa! Sa pi mal ankò pase sa ou sot fè m'
la a! Men Amnon pa t' soti pou koute l'. 17 Li rele gason ki
t'ap sèvi l' la, li di l': -Wete fi sa a devan je m'! Mete l'
deyò. Lèfini, fèmen pòt la akle dèyè l'. 18 Gason an fè
Tama soti deyò, li fèmen pòt la akle dèyè l'. Tama te gen
yon rad long ak gwo manch sou li. Se rad konsa pitit wa
yo te konn mete sou yo lè yo poko marye. 19 Li simen
sann dife sou tèt li, li chire rad ki te sou li a, li mete de
men nan tèt, li pran rele epi li ale. 20 Lè sa a, Absalon, frè
l' la, mande l': -Eske Amnon, frè ou la, fè kadejak sou ou?
Tanpri, sè m' pa kite sa fatige ou twòp, tande. Se frè ou li
ye. Pa di pesonn anyen. Se konsa Tama rete pou kont li
kay Absalon, frè l' la. Li te nan gwo lapenn. 21 Lè wa
David vin konn sa ki te pase, li te move. Men, li pa di
Amnon anyen, paske se te premye pitit gason l'. Li te
renmen l' kou de grenn je nan tèt li. 22 Absalon vin rayi
Amnon pou kadejak li te fè sou Tama, sè li a. Li koupe
l' bonjou. 23 Dezan apre sa, Absalon t'ap koupe lenn
mouton l' yo lavil Baal azò, toupre lavil Efrayim. Li envite
tout pitit gason wa yo vin manje. 24 li al jwenn wa David, li
di l' konsa: -Monwa, mwen pral koupe lenn mouton m'
yo. Ou pa ta vle vini ansanm ak tout chèf ou yo lakay
mwen? 25 W'a reponn li: -Non, pitit mwen! Se pral twòp
traka pou ou si nou tout nou vini. Absalon pèsiste, men
wa a pa pran priyè, li voye l' ale ak benediksyon l'. 26 Lè
sa a Absalon di l': -Men, èske w'ap kite Amnon, frè m' lan,
vini ak nou? Wa a reponn li? -Poukisa pou l' ale a? 27
Men Absalon sitèlman pèsiste, bout pou bout, David kite
Amnon ale ansanm ak tout lòt pitit gason l' yo. Absalon te
pare yon gwo fèt tankou si l' t'ap fè l' pou yon wa. 28 Epi li
bay domestik li yo lòd sa a, li di yo: -Gade byen, lè n'a
wè Anmon ak bon gwòg nan tèt li, m'a di nou: Desann
Amnon. n'a touye l'. Nou pa bezwen pè, mwen pran tout
reskonsablite a sou mwen. Mete gason sou nou. Frape
san tranble. 29 Se konsa domestik Absalon yo swiv lòd
Absalon te ba yo, yo touye Amnon. Lè sa a, tout lòt pitit
gason David yo leve, yo moute milèt yo, yo met deyò.
30 Yo te sou chemen lakay yo toujou, lè David vin pran
nouvèl Absalon touye dènye pitit gason li yo, pa gen yonn

ki chape. 31 Wa a leve kanpe, li chire rad ki te sou li, li
lage kò l' atè. Tout moun ki te avèk wa a chire rad sou yo
tou. 32 Men Jonabad, pitit gason Chimeya, frè David la, di
l': -Monwa, yo pa touye tout pitit gason ou yo non. Se
Amnon ase ki mouri, paske Absalon te gen lide nan tèt li
pou l' te fè sa depi lè Amnon te fè kadejak sou Tama, sè l'
la. 33 Koulye a, monwa, ou pa bezwen koute moun k'ap
vin di ou tout pitit gason ou yo mouri. Se Amnon ase yo
touye. 34 Lè sa a Absalon te gen tan kraze rak. Sòlda ki
te faksyonnè a wè yon foul moun ki t'ap kouri desann ti
pant sou chemen lavil Owonayim lan. li al jwenn wa a, li di
l' sa li wè. 35 Jonabad di wa a konsa: -Men sa m' t'ap di
ou la. Se pitit gason ou yo k'ap vini. 36 Fini li fin di sa, pitit
gason David yo rive. Yo pete rele. Wa a pran rele ansanm
ak tout chèf li yo. Yo rele kont rele yo. 37 Absalon menm
kraze rak, li al kay Talmayi, pitit gason Amiyoud la, ki te wa
lavil Gechou a. David menm te nan gwo lapenn pandan
kèk jou pou lanmò Amnon. 38 Absalon rete pase twazan
lavil Gechou kote li te kouri al kache a. 39 Lè wa David fin
konsole apre lanmò Amnon, li vin anvi wè Absalon.

14 Joab, pitit Sewouya a, te konnen wa David te anvi
wè Absalon anpil. 2 Sa li fè, li voye lavil Tekoa al
chache yon fanm ki te gen anpil ladrès. Lè fanm lan rive,
li di l' konsa: -Ou pral pran pòz ou nan gwo lapenn. W'ap
mete rad dèy sou ou, lèfini pa mete ankenn odè sou ou.
Se pou yo ka pran ou pou yon moun ki gen yon moun
mouri depi lontan. 3 Lèfini, ou pral bò kote wa a, w'a di l'
tou sa m'a di ou di li. Apre sa, Joab fè bouch li. 4 Fanm
lan ale vre bò kot wa a, li tonbe ajenou devan wa a, li
bese tèt li jouk atè, epi li di: -Tanpri, monwa, fe kichòy
pou mwen! 5 Wa a mande l': -Kisa ou genyen? Fanm lan
reponn li: -Adje, monwa! Se yon pòv vèv mwen ye. Mari
m' mouri. 6 Li kite m' ak de pitit gason. Yon jou, yo te nan
jaden, yonn gen kont ak lòt, yo goumen. Pa t' gen pesonn
la pou separe yo. Yonn ladan yo touye lòt la. 7 Koulye a
menm, tout fanmi m' yo leve dèyè m', y'ap mande m' pou
m' lage sa ki te touye lòt la nan men yo pou yo touye l'
tou, paske li te touye frè l' la. Si yo fè sa, m'ap rete san
pitit gason. Y'ap wete dènye ti espwa ki te rete m' lan.
Lèfini, mari m' p'ap gen yon pitit gason pou leve non l' sou
tè a. 8 Wa a di madanm lan: -Ou mèt al lakay ou. M'ap
okipe sa pou ou. 9 Fanm lavil Tekoa a di wa a konsa: -
Monwa, nenpòt kisa w'a deside fè, si pou gen repwòch,
y'a repwoche mwen menm ansanm ak fanmi pa m'. Men,
ou menm ak gouvènman ou, nou pa reskonsab anyen. 10
Wa a reponn li: -Si yon moun konprann pou li kraponnen
ou, mennen l' ban mwen. Li p'ap janm chache ou kont
ankò. 11 Fanm lan di ankò: -Tanpri, monwa! Lapriyè Seyè
a, Bondye ou la, pou moun nan fanmi an ki reskonsab pou
tire revanj lanmò pitit gason m' lan pa fè plis dega toujou,
pou l' pa touye lòt pitit gason ki rete m' lan. David reponn
li: -Mwen fè sèman nan non Seyè ki vivan an, mwen p'ap
kite yo manyen yon grenn cheve nan tèt pitit gason ou
lan! 12 Lè sa a, fanm lan di ankò: -Tanpri, monwa! Kite m'
di ou yon dènye pawòl. Wa a reponn li: -Pale non. 13
Fanm lan di l' konsa: -Poukisa ou fè move lide sa a sou
pèp Bondye a? Ou pa vle kite pwòp pitit gason ou lan
tounen nan peyi a. Jan ou sot pale a, ou kondannen pwòp
tèt ou. 14 Nou tout gen pou mouri. Nou tankou dlo. Depi
ou lage dlo atè, ou pa ka ranmase l' ankò. Lè yon moun
fin mouri, li mouri nèt. Men, Bondye ta vle pou moun ki te
kouri al chache pwoteksyon nan peyi etranje a tounen
nan peyi l'. 15 Monwa, rezon ki fè mwen te vin pale avè
ou la, se paske moun yo t'ap fè m' pè. Mwen di nan kè m'
mwen pral pale ak wa a. Wa a ka fè sa m'ap mande l' la.
16 Mwen t'ap di wa a ka koute m', li ka delivre m' anba
men moun ki soti pou yo touye pitit gason m' lan ansanm
avè m', anba men moun ki soti pou wete moso tè ki vin
pou nou nan peyi Bondye bay pèp li a. 17 Mwen di ankò
pawòl monwa va ban m' kouraj paske wa a se tankou yon
zanj Bondye li ye. Li konn rekonèt sa ki byen ak sa ki mal.
Mwen mande pou Seyè a, Bondye ou la, toujou kanpe
la avè ou! 18 Wa a di l' konsa: -Mwen pral mande ou
kichòy, pa kache m' anyen. Fanm lan reponn: -Monwa,
mande m' sa ou vle? 19 Wa a mande l': -Eske Joab pa
nan plan sa a avè ou? Fanm lan reponn li: -Menm jan ou
vivan an, monwa, pa gen anyen ki pi sèten pase sa ou di
la a. Wi, monwa. Se Joab, chèf lame ou la, ki di m' tou
sa pou m' fè ak tou sa pou m' di. 20 Men, si li fè l' se
paske li vle pou tout bagay sa a regle. Monwa, ou gen
bon konprann tankou yon zanj Bondye, ou konnen tou sa
ki ap pase nan peyi a. 21 Pita, wa a di Joab konsa: -
Mwen pral fè sa ou vle m' fè a. Ale chache jennonm yo
rele Absalon an, mennen l' tounen isit la. 22 Joab tonbe
ajenou devan David, li bese tèt li jouk atè. Li di: -Se pou
Bondye beni ou, monwa! Jòdi a mwen konnen ou kontan
avè m' vre, paske ou ban mwen sa m' mande ou la. 23
Joab leve, li ale lavil Gechou, li mennen Absalon tounen
lavil Jerizalèm. 24 Men, wa a bay lòd pou Absalon pa vin
rete nan palè a, paske li pa vle pou l' parèt devan li. Se
konsa Absalon al rete lakay li, li pa janm parèt devan wa
a. 25 Pa t' gen pi bèl gason nan tout peyi Izrayèl la pase
Absalon. Tout moun t'ap di sa. Pran depi nan cheve l' rive
nan pwent zòtèy li, li pa t' gen ankenn defo. 26 Li te gen
anpil cheve. Li te blije koupe yo chak lanne paske, lè yo
te lonje yo te vin twò lou pou li. Lè yo peze cheve yo, yo
ka rive peze senk liv dapre sistèm pèz yo sèvi kay wa a.
27 Absalon te gen twa pitit gason ak yon pitit fi ki te rele
Tama. Tama te bèl anpil. 28 Absalon pase dezan lavil
Jerizalèm san li pa janm parèt devan wa a. 29 Apre sa, li
voye chache Joab pou mande l' al kote wa a pou li. Men,
Joab pa vini. Yon lòt fwa ankò, Absalon voye chache l'.
Fwa sa a tou Joab refize vini. 30 Lè sa a, Absalon di
domestik li yo: -Gade! Nou wè jaden Joab ki toupre jaden
pa m' lan. Li plante lòj. Enben, al met dife ladan l'. Y' ale,
yo mete dife nan jaden Joab la. 31 Joab al lakay Absalon,
li mande l': -Poukisa moun pa ou yo mete dife nan jaden
m' lan? 32 Absalon reponn li: -Paske ou pa t' vle vini lè
mwen te voye chache ou la. Mwen te bezwen ou ale bò
kote wa a pou mwen pou ou mande l' sa m' te bezwen

kite lavil Gechou a vin isit la fè. Pito m' te rete laba a.
Koulye a, mwen ta renmen ou jwenn yon jan pou m' parèt
devan wa a. Si m' antò, li mèt touye m'! 33 Se konsa Joab
al bò kote wa David, li rapòte l' sa Absalon te di l' la. Wa a
voye chache Absalon. Absalon vini, li tonbe ajenou devan
wa a, li bese tèt li jouk atè. Wa resevwa l', li bo l'.

15 Apre sa, Absalon achte yon cha lagè ak tout chwal
pou tèt pa li. Li pran senkant gason pou mache avèk
li. 2 Chak maten, Absalon leve byen bonè, li al kanpe sou
wout la bò pòtay lavil la. Chak fwa yon moun vini ak yon
pwoblèm li ta renmen wa a regle pou li, Absalon rele l'
sou kote, li mande l' ki bò li moun. Apre moun lan fin di l'
moun ki branch fanmi li ye, 3 Absalon di l' konsa: -Gade!
Se ou menm ki gen rezon, lalwa avè ou. Men, p'ap gen
yon moun kay wa a k'ap koute ou. 4 Apre sa, li di ankò: -
Ki moun ki va mete m' chèf nan peyi Izrayèl la? Lè sa
a, tout moun ki ta gen yon zafè osinon yon plent ta vin
jwenn mwen, mwen ta fè l' jistis. 5 Chak fwa yon moun
pwoche bò Absalon pou mete ajenou devan l', Absalon
lonje men l', li kenbe l' epi li bo l'. 6 Se konsa Absalon
te fè ak tout moun peyi Izrayèl ki te vin bò kote wa a
pou chache jistis. Se konsa li fè yo vin renmen l'. 7 Apre
katran, Absalon di wa David konsa: -Monwa, tanpri! Kite
m' ale lavil Ebwon pou m' ka kenbe yon pwomès mwen te
fè Seyè a. 8 Antan mwen te lavil Gechou nan peyi Siri,
mwen te pwomèt Seyè a si m' te tounen lavil Jerizalèm,
mwen ta fè yon sèvis pou li Ebwon. 9 Wa a di l': -Ale ak
kè poze. Se konsa Absalon ale lavil Ebwon. 10 Menm lè
a, li voye mesaje nan tout branch fanmi Izrayèl yo pou di
yo: Lè n'a tande twonpèt yo kònen, n'a fè konnen yo fè
Absalon wa lavil Ebwon. 11 Te gen desan (200) moun lavil
Jerizalèm ki te pati avèk Absalon. Se Absalon ki te envite
yo. Yo te byen kontan pati avè l', men yo pa t' konn anyen
nan zafè konplo a. 12 Antan Absalon t'ap ofri bèt pou
Seyè a, li voye lavil Gilo al chache Achitofèl ki te yonn
nan konseye David yo. Konplo a t'ap pran fòs. Patizan
Absalon yo t'ap vin pi plis. 13 Yon mesaje vin di David: -
Moun peyi Izrayèl yo ap mache avèk Absalon, yo dakò
avè l'. 14 Se konsa David rele moun pa l' yo ki te avè l'
lavil Jerizalèm, li di yo: -Se pou n' prese mete deyò si nou
vle chape anba men Absalon. Ann fè vit kite lavil la. Si se
pa sa, talè l'ap sou nou. L'ap fè nou pase pa nou, l'ap
touye dènye moun nan lavil la. 15 Patizan wa yo reponn: -
Wi, monwa. Nenpòt kisa ou vle nou fè, n'ap fè l'. 16 Wa a
pran tout fanmi l', li pati apye. Li kite dis nan fanm kay li yo
pou okipe palè a. 17 Wa a leve pati kite lavil la ansanm ak
tout moun pa l' yo. Lè yo rive devan dènye kay la, yo fè
yon kanpe. 18 Tout chèf li yo te kanpe bò kote l'. Yo kite
tout gad pèsonèl wa a, ki vle di sòlda keretyen yo ak sòlda
peletyen yo pase devan. Te gen sisan (600) sòlda moun
lavil Gat ki te kite peyi yo vin jwenn David lavil Jerizalèm.
Yo vin ap pase devan li tou. 19 Wa a rele Itayi, chèf moun
lavil Gat yo, li di l' konsa: -Poukisa ou prale ak nou tou?
Tounen non, monchè. Rete ak lòt wa a. Ou pa moun peyi
a. Se kouri ou kouri vin kache isit la. 20 Ou pa gen lontan
depi ou rive. Poukisa jòdi a pou m' fè ou ap mache nan
bwa tankou vakabon ansanm avèk nou? Mwen pa menm
konnen kote mwen prale. Tounen tounen ou ansanm ak
tout moun menm peyi avè ou yo. Mwen mande Seyè a
pou l' aji byen avè ou, pou l' pa janm lage ou! 21 Men
Itayi reponn li: -Monwa, mwen fè sèman devan Seyè a ak
devan ou, se ou menm m'ap sèvi. Kote ou prale mwen
pral avè ou, menm si mwen gen pou m' mouri. 22 Lè sa a,
David di li: -Bon. Ou mèt pran devan nou. Se konsa Itayi,
moun lavil Gat la, ale avèk wa a, li menm, tout moun li yo
ansanm ak tout fanmi yo. 23 Tout moun nan peyi a t'ap
rele byen fò lè yo wè David ak moun pa l' yo ap pase ale.
David janbe lòt bò ravin Sedwon an ansanm ak tout moun
li yo. Yo pran wout ki mennen nan dezè a. 24 Zadòk,
prèt la, te la tou ansanm ak tout moun fanmi Levi yo ki
t'ap pote Bwat Kontra Seyè a. Yo depoze Bwat Kontra a
atè. Yo pa leve l' jouk tout rès moun yo fin soti kite lavil
la. Abyata, prèt la, te la tou. 25 Apre sa, wa a di Zadòk
konsa: -Pote Bwat Kontra a tounen nan lavil la. Si Seyè a
pran plezi nan mwen, yon jou l'a kite m' tounen pou m' wè
bwat la ansanm ak kote l' rete a. 26 Men, si li pa kontan
avè m' anko, enben, lè sa a, l'a fè sa li vle avè m'. 27 Epi
wa a di Zadòk ankò: -Gade! Ou menm ak Abyata, tounen
tounen nou lavil Jerizalèm ansanm ak Akimaz, pitit gason
ou lan, ak Jonatan, pitit gason Abyata a. 28 Mwen menm,
mwen pral tann nou bò larivyè a nan dezè a jouk n'a voye
nouvèl ban mwen. 29 Se konsa Zadòk ak Abyata pote
Bwat Kontra a tounen lavil Jerizalèm, yo rete la. 30 David
menm moute sou mòn Pye Oliv yo. Li t'ap kriye, li te pye
atè, tèt li te kouvri, paske li te nan gwo lapenn. Tout moun
ki t'ap mache deyè l' yo te gen tèt yo kouvri tou, yo t'ap
kriye. 31 Lè David vin konnen Achitofèl te pran pozisyon
ak Absalon nan konplo a, li lapriyè, li di: -Tanpri, Seyè!
Fè konsèy Achitofèl yo pase pou pawòl moun fou! 32 Lè
David rive sou tèt ti mòn lan, kote yo konn fè sèvis pou
Bondye a, Ouchayi, moun peyi Ak la, vin kontre l', rad sou
li dechire, tèt li kouvri ak pousyè tè. 33 David di l' konsa: -
Ou p'ap ka fè anyen pou mwen si ou vin avè m'. 34 Men,
ou ka ede m' anpil si ou tounen lavil Jerizalèm. W'a di
Absalon ou pral sèvi l' koulye a menm jan ou te sèvi papa
l' nan tan lontan. Lè sa a, w'a ede m' pare tout move kou
Achitofèl va gen lide pote m'. 35 Zadòk ak Abyata, de prèt
yo, va la tou. W'a di yo tou sa w'a tande y'ap di nan palè
a. 36 Yo gen Akimaz ak Jonatan, pitit gason yo, ak yo.
W'a voye yo vin di m' dènye sa w'a tande nan palè a.
37 Se konsa, Ouchayi, bon zanmi David la, tounen lavil
Jerizalèm. Li antre nan lavil la an menm tan ak Absalon.

16 David te fèk fin kite tèt mòn lan lè li wè Ziba,
domestik Mefibochèt la, k'ap vin kontre l'. Li t'ap
mennen de bourik byen chaje avèk desan (200) pen, san
(100) grap rezen chèch, san (100) pake fwi mi ak yon gwo
veso fèt ak po bèt plen diven. 2 Wa David mande l': -Sa
ou pral fè ak tout bagay sa yo? Ziba reponn li: -Bourik yo,
se pou wa a ansanm ak fanmi li yo moute. Pen yo ak fwi
yo, se pou moun ou yo manje, diven an pou yo bwè lè

y'a santi yo bouke nan dezè a. 3 Wa a mande l': -Kote
mèt ou, Mefibochèt, pitit pitit Sayil la? Ziba reponn: -Li
rete lavil Jerizalèm, paske li di li sèten moun peyi Izrayèl
yo pral renmèt li baton kòmandman ki te nan men Sayil,
granpapa l' la. 4 Wa a di Ziba konsa: -Depi jòdi a, tou sa
ki te pou Mefibochèt se pou ou yo ye. Ziba reponn li: -
Men mwen lage kò m' nan pye ou, monwa. Mwen mande
pou ou toujou kontan avè m'. 5 Lè wa David rive bò lavil
Bakourim, yon moun fanmi wa Sayil soti lavil la vin kontre
l'. Se te Chimeyi, pitit gason Gera a. Antan l'ap vanse sou
David, li t'ap joure l', li t'ap ba li madichon. 6 Li konmanse
voye wòch sou David ak sou moun pa l' yo, atout pèp la
ak sòlda yo t'ap mache sou bò dwat ak sou bò gòch wa
a. 7 Chimeyi t'ap bay David madichon, li t'ap di l': -Ale
ou vouzan! Ale ou vouzan! Vakabon! Ansasen! 8 Ou te
pran plas wa Sayil la! Jòdi a Seyè a ap pini ou pou tout
moun nan fanmi Sayil ou te sasinen yo. Seyè a renmèt
gouvènman an nan men Absalon, pitit gason ou lan. Se
konsa pou ou te fini, se ansasen ou ye! 9 Abichayi, pitit
gason Sewouya a, di wa a konsa: -Monwa, poukisa pou
ou kite chen mouri sa a ap madichonnen ou konsa? Kite
m' janbe lòt bò a al koupe tèt li! 10 Wa a di Abichayi
ansanm ak Joab, frè li a: -Pa antre nan sa ki pa gade nou,
tande. Si se Seyè a ki di l' pou l' ban m' madichon, ki
moun ki gen dwa mande l' pouki l'ap fè sa? 11 Apre sa,
David pale ak Abichayi ansanm ak tout moun pa l' yo, li di
yo: -Gade! Pwòp pitit gason mwen, san mwen, deyò pou l'
touye m'. Ale wè pou moun sa a ki soti nan ras Benjamen
yo! Kite l' ban m' madichon, si se Seyè a ki di l' ban m'
madichon. 12 Nou pa janm konnen, Seyè a va wè nan
ki mizè mwen ye. Lè sa a, l'a ban m' benediksyon nan
plas madichon l'ap ban m' jòdi a. 13 Se konsa, David
ale chemen l' avèk tout moun li yo. Chimeyi menm t'ap
mache dèyè yo sou flan mòn lan, li t'ap ba yo madichon, li
t'ap voye wòch ak pousyè tè sou yo. 14 Wa a ansanm ak
tout pèp la te bouke jouk yo pa t' kapab ankò lè yo rive
bò larivyè Jouden. Se la yo rete pran souf. 15 Absalon
antre lavil Jerizalèm ansanm ak tout moun peyi Izrayèl yo.
Achitofèl te ansanm ak yo. 16 Lè Ouchayi, bon zanmi
David la, kontre ak Absolon, li di: -Viv wa a! Viv wa a! 17
Absalon di l' konsa: -Se konsa ou te bon zanmi David la?
Poukisa ou pa t' ale ansanm avè l'? 18 Ouchayi reponn li:
-Ki jan pou m' ta fè sa? Se pou moun Seyè a ansanm ak
moun sa yo ak tout moun peyi Izrayèl yo chwazi a mwen
ye. Se avè l' pou m' rete. 19 Lèfini, ki moun pou m' ta sèvi
si se pa pitit mèt mwen an? Menm jan mwen te sèvi papa
ou, konsa m'a sèvi ou tou. 20 Apre sa, Absalon vire bò
Achitofèl, li di l' konsa: -Ann antann nou sou sa nou pral fè
koulye a. 21 Achitofèl reponn: -Al kouche ak lòt fanm kay
papa ou yo, sa li kite dèyè pou okipe palè a. Lè sa a, tout
moun nan peyi Izrayèl la va konnen bagay la gate nèt ant
ou menm ak papa ou. Konsa, moun ki avè ou yo ap vin pi
ankouraje. 22 Se konsa, yo moute yon tant pou Absalon
sou teras sou do palè a. Epi la, devan tout moun peyi
Izrayèl yo, Absalon kouche ak fanm kay papa l' yo. 23 Lè
sa a, nenpòt konsèy Achitofèl te bay se tankou si se te
pawòl Bondye. Ni David ni Absalon te toujou swiv konsèy
li yo.

17 Apre sa, Achitofèl di Absalon konsa: -Kite m' chwazi
douzmil (12.000) sòlda. M'ap pati aswè a menm
dèyè David. 2 M'ap pwofite antan li tou bouke, tou
dekouraje a, m'ap atake l', m'ap fè l' pè. Lè sa a, tout
moun ki avè l' yo va kraze rak. Se wa a ase m'ap touye. 3
Lèfini, m'ap mennen tout lòt moun yo vin jwenn ou, menm
jan yon madan marye tounen vin jwenn mari l'. Se yon
sèl moun ou vle yo touye, pa vre. Apre sa, repo pou tout
moun. 4 Koze a te fè Absalon ak tout chèf moun Izrayèl
yo plezi. 5 Absalon di konsa: -Rele Ouchayi, moun peyi
Ak la. Ann tande sa li gen pou l' di nou. 6 Lè Ouchayi rive,
Absalon di l' konsa: -Men konsèy Achitofèl ban nou. Eske
se pou nou fè sa li di nou fè a? Si ou pa dakò, di nou
sa pou nou fè. 7 Ouchayi reponn li: -Fwa sa a, konsèy
Achitofèl bay la pa bon menm. 8 Ou konnen jan papa
ou ak moun pa li yo vanyan gason? Koulye a, yo move
tankou yon manman lous ki pèdi pitit li. Papa ou se yon
sòlda ki gen anpil esperyans nan fè lagè. Li p'ap janm
rete pase lannwit menm kote ak moun li yo. 9 Koulye a li
dwe kache nan yon gwòt osinon yon lòt kote. Premye
atak David va fè sou moun ou yo, moun pral konn sa, y'a
di: David bat patizan Absalon yo. 10 Lè sa a, menm sòlda
ki pi vanyan yo, sa ki tankou lyon, ki pa pè anyen yo, pral
pèdi kouraj, paske tout moun peyi Izrayèl yo konnen jan
papa ou se sòlda ki konn goumen, jan moun pa l' yo se
brave danje. 11 Men konsèy mwen menm m'ap bay: Fè
sanble dènye gason nan tout peyi Izrayèl la, depi lavil
Dann jouk lavil Bècheba, pou yo tankou grenn sab bò
lanmè. Lèfini, ou menm w'a mache alatèt yo. 12 Nenpòt
kote David ye, n'a tonbe sou li tankou lawouze sou fèy
bwa, n'a atake l' anvan menm li konnen sa k'ap rive l'.
Nou p'ap kite pesonn chape, ni li, ni yonn nan moun pa l'
yo. 13 Si li al kache kò l' nan yon lavil, tout moun Izrayèl
yo va pran kòd, y'a mare lavil la, y'a trennen l' al jete anba
nan fon an. Yo pa t' kite yon grenn wòch sou tèt mòn kote
lavil la te ye a. 14 Absalon ak tout moun peyi Izrayèl yo
di: -Konsèy Ouchayi, moun Ak la, pi bon pase pa Achitofèl
la. Sa te pase konsa, paske Seyè a te deside pou li pa t'
kite yo swiv konsèy Achitofèl la pou malè te ka tonbe sou
Absalon. 15 Apre sa, Ouchayi rele Zadòk ak Abyata, prèt
yo, li di yo: -Men konsèy Achitofèl te bay Absalon ak chèf
fanmi moun Izrayèl yo. Men konsèy mwen menm mwen
te ba yo. 16 Koulye a, prese voye komisyon bay David. Di
li pa rete pase nwit nan plenn dezè a. Se pou l' al pi lwen
toujou pou yo pa touye l' ansanm ak moun pa li yo. 17
Jonatan, pitit Abyata a, ak Akimaz, pitit Zadòk la, te rete
bò sous Lesivèz yo ap tann, paske yo pa t' ka antre nan
lavil la pou moun pa t' wè yo. Se yon sèvant ki te konn al
pote nouvèl sa k'ap pase ba yo pou yo te ka al avèti wa
David. 18 Men, yon ti gason bare yo, li al di Absalon sa.
De mesye yo kouri al kache lakay yon moun ki te rete
lavil Bakourim. Nonm lan te gen yon pi nan lakou lakay li.

Mesye yo desann al kache ladan l'. 19 Madanm nonm lan
pran yon gwo dra, li kouvri bouch pi a. Lèfini, li simen
grenn pile sou li, konsa pesonn pa wè sa ki anba dra a.
20 Moun Absalon yo vini nan kay la, yo mande madanm
lan: -Kote Akimaz ak Jonatan? Madanm lan reponn: -Yo
janbe lòt bò dlo a. Mesye Absalon yo chache, men yo pa
jwenn yo. Apre sa, yo tounen tounen yo lavil Jerizalèm.
21 Lè yo fin ale, Akimaz ak Jonatan soti nan pi a, y' al pote
nouvèl bay wa David. Yo rakonte l' ki konsèy Achitofèl
te bay Absalon. Epi yo di l': -Prese janbe lòt bò larivyè
Jouden. 22 Se konsa David leve ansanm ak tout moun ki
te avè l' yo, yo janbe lòt bò larivyè Jouden. Lè bajou kase,
yo tout te gen tan lòt bò larivyè a. 23 Lè Achitofèl wè yo
pa t' soti pou swiv konsèy li te bay la, li sele bourik li, li
tounen lakay li nan peyi l'. Lè li fin regle tout zafè l', li pann
tèt li. Se konsa li mouri. Apre sa, yo antere l' nan kavo
papa l'. 24 Lè Absalon ansanm ak moun li yo rive pou yo
janbe lòt bò larivyè Jouden an, David te gen tan rive lavil
Manayim. 25 Absalon te chwazi Amasa pou kòmande
lame a nan plas Joab. Amasa sa a te pitit gason Jitra,
yon moun fanmi Izmayèl. Manman l' te rele Abigal, pitit fi
Nach, sè Sewouya, manman Joab. 26 Absalon ak moun
peyi Izrayèl yo moute tant yo nan peyi Galarad. 27 Lè
David rive lavil Manayim, gen twa moun ki vin jwenn li. Se
te Choni, pitit gason Nach, moun lavil Raba, kapital peyi
Amon an, Maki, pitit gason Amyèl, moun lavil Lodeba, ak
Bazilayi, moun lavil Wogelim nan peyi Galarad. 28 Twa
mesye sa yo te pote bagay pou moun kouche, bòl, kaswòl
ak manje pou David ak moun pa l' yo. Te gen ble, lòj,
farin, grenn griye, ti pwa ak gwo pwa tout kalite, 29 siwo
myèl, bè, fwomaj lèt bèf, fwomaj lèt mouton. Yonn te di
lòt: -Apre tout mache sa a nan dezè a, moun sa yo dwe
grangou, yo dwe swaf, yo dwe bouke kont kò yo.

18 Wa David sanble tout moun li yo. Li chwazi chèf
pou chak rejiman mil sòlda ak pou chak divizyon
san sòlda. 2 Lèfini, li separe lame a an twa pòsyon, yon
pòsyon sou lòd Joab, yon pòsyon sou lòd Abichayi, frè
Joab la, yon pòsyon sou lòd Itayi, moun lavil Gat. Apre
sa, wa a di yo: -Mwen prale avè nou tou. 3 Men sòlda yo
reponn li: -Non. Ou pa prale avè nou. Sa p'ap di lènmi nou
yo anyen si nou kouri pou yo. Si mwatye nan nou mouri,
sa p'ap di yo anyen tou. Men ou menm pou kont pa ou,
ou vo dimil (10.000) sòlda tankou nou. Se poutèt sa, pito
ou rete isit nan lavil la, kote ou ka jwenn konkou pou voye
ban nou. 4 W'a reponn yo: -Bon! M'ap fè sa nou wè ki pi
bon an. Apre sa, li al kanpe bò pòtay lavil la, pandan lame
a t'ap soti, divizyon apre divizyon, rejiman apre rejiman.
5 Wa a bay Joab, Abichayi ak Itayi lòd sa a: -Tanpri, fè
sa pou mwen. Al dousman ak jennonm yo rele Absalon
an tande! Tout sòlda yo te tande lè David t'ap bay chèf
yo lòd sa a. 6 Lame David la soti al goumen ak moun
peyi Izrayèl yo. Batay la te fèt nan rakbwa Efrayim lan. 7
Lame David la bat lame Absalon an byen bat. Jou sa a,
lame Absalon an pèdi venmil (20.000) sòlda. 8 Batay la
gaye nan tout peyi a. Jou sa a, te gen plis moun ki mouri
nan rakbwa a pase nan batay la menm. 9 Absalon al
kontre ak kèk sòlda nan lame David la. Li te moute sou
yon milèt. Antan l'ap pase anba yon gwo pyebwa, cheve
li yo al pran nan yon branch, milèt la menm pa rete, li
kouri al fè wout li. Absalon rete pandye anlè. 10 Yonn nan
moun David yo wè sa, li al bay Joab nouvèl la. Li di li: -
Mwen wè Absalon pandye nan yon pyebwa. 11 Joab di
nonm lan: -Ou wè l'? Poukisa ou pa touye l' la menm? M'
ta fè ou kado dis pyès an ajan ak yon sentiwon. 12 Men
nonm lan reponn Joab: -Ou ta mèt ban mwen mil (1000)
pyès an ajan la nan pla men m', mwen pa t'ap leve men
m' sou pitit gason wa a. Nou tout nou te tande lòd wa a te
ba ou ansanm ak Abichayi ak Itayi. Li te di: Tanpri, fè sa
pou mwen. Pa kite anyen rive Absalon, pitit mwen an.
13 Si m' te pran pòz mwen pa t' tande anyen, epi m' te
touye l', wa a t'ap toujou konn sa. Paske li toujou konn
tou sa k'ap pase. Lè sa a, ou pa ta janm pran defans
mwen. 14 Joab di li: -M'ap pèdi twòp tan la a avè ou.
Li pran twa baton ak pwent yo byen fèt, li al plante yo
nan kè Absalon ki te vivan toujou kote li te pandye nan
pyebwa a. 15 Apre sa, dis jenn sòlda ki t'ap pote zam
Joab yo tonbe sou Absalon, yo fin touye l'. 16 Lèfini, Joab
fè kònen twonpèt la pou yo sispann batay la. Se konsa
sòlda David yo kite rès sòlda Izrayèl yo al fè wout yo. 17
Yo pran kadav Absalon an, yo jete l' nan yon twou nan
rakbwa a. Lèfini, yo kouvri l' ak yon gwo pil wòch. Tout
rès moun peyi Izrayèl yo te kouri al lakay yo. 18 Depi
anvan l' te mouri, Absalon te fè bati yon bèl kavo pou li
nan fon Wa a, paske li t'ap di li pa t' gen pitit gason pou
leve non li. Jouk jòdi a yo rele kavo a moniman Absalon
an. 19 Akimaz, pitit gason Zadòk la, di Joab konsa: -Kite
m' kouri al fè wa a konnen jan Seyè a rann li jistis, jan li
delivre l' anba men lènmi l' yo. 20 Joab reponn li: -Non.
Jòdi a pa gen bon nouvèl pou ou pote. Yon lòt jou va gen
bon nouvèl pou ou pote. Men jòdi a, ou p'ap pote ankenn
nouvèl bay wa a, paske se pitit gason wa a menm ki
mouri. 21 Joab rele yon sòlda, moun peyi Letiopi, li di l': -
Ou menm, al rakonte wa a tou sa ou te wè ak je ou. Sòlda
a bese tèt devan Joab. Lèfini, li kouri, li ale. 22 Akimaz
menm t'ap kenbe se pou l' ale, li di: -Nenpòt sa ki rive m',
kite m' ale pote nouvèl la tou dèyè moun Letiopi a. Joab
mande l': -Poukisa ou vle fè sa, pitit mwen? Yo p'ap ba ou
anyen pou yon nouvèl konsa. 23 Akimaz reponn: -Sa pa
fè anyen. Mwen vle ale. Lè sa a, Joab di l': -Ale non! Se
konsa Akimaz kouri ale, li pran wout ki pase nan plenn
Jouden an, li pran devan moun peyi Letiopi a. 24 David
menm te chita ant pòtay deyò a ak pòtay anndan an. Yon
faksyonnè te moute sou teras anwo miray la, li te kanpe
sou tèt pòtay la. Li leve je l', li wè yon nonm ki t'ap kouri
vini. 25 Li rele pou avèti wa a. Wa a di l': -Si li pou kont li,
se bon nouvèl l'ap pote. Mesaje a t'ap pwoche toujou 26
lè faksyonnè a wè yon lòt moun ki t'ap kouri vini tou. Li
pale ak nonm ki t'ap fè pòs bò pòtay la, li di l' konsa: -Men
yon lòt moun k'ap vini pou kont li tou. Wa a reponn: -Sa a
tou, se bon nouvèl l'ap pote. 27 Faksyonnè a pran ankò:

-Sou jan l'ap kouri a, gen lè premye a se Akimaz, pitit
gason Zadòk la. Wa a di: -Se yon bon gason. Ou mèt
sèten se bon nouvèl l'ap pote. 28 Akimaz pwoche, li di wa
a bonjou. Lèfini, li tonbe ajenou devan wa a, li bese tèt li
jouk atè, li di: -Monwa, lwanj pou Seyè a, Bondye ou la,
paske li lage tout moun ki te leve dèyè ou yo nan men ou!
29 David mande l': -Ban m' nouvèl ti Absalon an non. Li
byen? Akimaz reponn li: -Monwa, lè Joab, moun pa wa a,
te voye m' lan, mwen wè te gen yon gwo kouri. Men, m'
pa konnen sa ki te genyen. 30 Wa a di l': -Bon. Kanpe bò
la a. Tann mwen. Akimaz mete kò l' sou kote, li rete ap
tann. 31 Apre sa, nonm peyi Letiopi a vin rive. Li di wa a:
-Monwa, mwen gen bon nouvèl pou ou! Jòdi a, Seyè a
rann ou jistis. Li wete ou anba men tout moun ki te leve
dèyè ou yo. 32 Wa a mande l': -Ban m' nouvèl ti Absalon
an non. Li byen? Nonm peyi Letiopi a reponn, li di l': -Se
pou sa ki rive jenn gason sa a rive tout lènmi monwa yo
ansanm ak tout lòt moun k'ap leve dèyè ou pou fè ou mal.
33 Lè wa a pran nouvèl la, sa te twòp pou li. Li moute
nan chanm li anwo sou tèt pòtay la pou l' kriye. Antan li
prale konsa, li t'ap rele: -Absalon! Absalon, pitit mwen!
Absalon! Poukisa se pa mwen ki te mouri nan plas ou!
Woy! Absalon, pitit mwen! Absalon, pitit mwen!

19 Yo voye di Joab jan wa a t'ap kriye, jan li te pran
lapenn pou Absalon ki mouri a. 2 Jou sa a, sòlda
David yo pa t' fè fèt pou genyen yo genyen batay la. Yo
tout te kagou, paske yo te pran nouvèl jan wa a te nan
gwo lapenn pou lanmò pitit li a. 3 Yo antre nan lavil la
san fè ankenn bri, tankou sòlda ki wont paske yo kouri
pou lagè. 4 Wa a menm te kouvri tèt li, li t'ap rele: -Woy!
Gason m' lan! Absalon, pitit gason m' lan! Absalon, pitit
gason m' lan! 5 Joab al jwenn wa a nan chanm li, li di l'
konsa: -Jan ou fè sa jòdi a ou fè tout sòlda ou yo wont. Yo
menm ki te sove lavi ou ansanm ak lavi pitit gason ak pitit
fi ou yo, lavi madanm ak fanm kay ou yo. 6 Ou moutre jan
ou renmen moun ki rayi ou, men ou pa vle wè moun ki
renmen ou. Ou fè wè jan chèf lame ak sòlda k'ap goumen
pou ou yo pa di ou anyen. Jòdi a mwen wè monwa ta pi
kontan si Absalon te vivan, epi nou tout nou te mouri. 7
Koulye a, monwa, leve non! Al pale ak moun pa ou yo
pou ankouraje yo. Si ou pa fè sa, mwen fè sèman devan
Bondye, denmen maten p'ap gen yon moun k'ap kanpe
avè ou ankò. Malè sa a pral pi rèd pase tout malè ki janm
tonbe sou ou depi ou te jenn gason rive jounen jòdi a. 8
Wa a leve vre, li vin chita bò pòtay lavil la. Lè sòlda yo vin
konn sa, yo tout vin sanble bò kote l'. Moun peyi Izrayèl
yo menm te kouri ale chak moun lakay yo. 9 Nan tou
peyi Izrayèl la, moun t'ap diskite, yo t'ap di: -Wa David te
delivre nou anba men lènmi nou yo. Li te sove nou anba
men moun peyi Filisti yo. Men koulye a, li kouri kite peyi a
poutèt Absalon. 10 Nou te fè /seremoni pou mete Absalon
wa peyi a. Men li mouri nan lagè. Sa ki kenbe nou koulye
a pou nou fè wa David tounen ankò? 11 Antan wa a lakay
li, li vin konnen tou sa pèp la t'ap di. Lamenm, li voye yon
mesaj bay Zadòk ak Abyata, li di yo: -Pale ak chèf fanmi
moun peyi Jida yo. Mande yo poukisa se pa yo menm
premye moun ki chache fè wa a tounen lakay li. 12 Di
yo se fanmi m' yo ye, menm ras avè m'. Poukisa se yo
menm dènye moun ki pou fè m' tounen nan palè a? 13
n'a pale ak Amasa, n'a di l' pou mwen se fanmi m' li ye.
Depi jòdi a, mwen mete l' alatèt lame mwen an nan plas
Joab. Si mwen pa kenbe pawòl, se pou Bondye ban m'
pi gwo pinisyon ki genyen! 14 Lè tout moun peyi Jida
yo tande pawòl David yo, yo tonbe dakò ak li. Yo mete
tèt yo ansanm, yo voye di l': -Ou mèt tounen ansanm ak
tout moun pa ou yo. 15 Wa a leve, li pran wout pou l'
tounen. Li rive bò larivyè Jouden an. Tout moun peyi Jida
yo, bò pa yo, kite lavil Gilgal, y' al kontre wa a. Yo ede
l' janbe larivyè a. 16 Se konsa yon nonm nan branch
fanmi Benjamen an, Chimeyi, pitit Gera a, moun lavil
Baourim, te kouri al kontre wa David bò larivyè Jouden an
ansanm ak yo. 17 Te gen mil (1000) gason nan branch
fanm Benjamen an avè l'. Ziba, domestik fanmi Sayil la, te
la tou ansanm ak kenz pitit gason l' yo ak vin moun k'ap
travay avèk li yo. Yo tout kouri al kontre wa a bò larivyè
Jouden an. 18 Yo janbe larivyè a, yo ede moun wa yo
janbe pas la. Yo fè tou sa wa a te mande yo fè. Lè wa a fè
sa pou l' janbe tou, Chimeyi lage kò l' atè devan wa a. 19
Li di l' konsa: -Monwa, tanpri! Pa kenbe m' nan kè! Bliye
sa m' te fè ou jou ou t'ap kite lavil Jerizalèm lan. Tanpri,
pa kenbe m' nan kè! 20 Mwen konnen sa m' te fè a te
mal, monwa. Ou wè jòdi a, premye moun nan tout branch
fanmi Jozèf la ki kouri vin resevwa ou, se mwen menm.
21 Lè sa a, Abichayi, pitit gason Sewouya a, pale, li di
konsa: -Sa pa ka anpeche yo touye Chimeyi, paske li te
bay moun Bondye te chwazi pou wa a madichon. 22 Men
David reponn li: -Pa antre nan koze a. Sa pa gade ou, pitit
Sewouya! Poukisa jòdi a ou vle kenbe tèt avè m'? Mwen
pa vle yo touye pesonn nan moun peyi Izrayèl yo, paske
jòdi a mwen konnen se mwen menm ki wa peyi Izrayèl la
vre. 23 Apre sa, wa a di Chimeyi konsa: -Mwen fè ou
sèman, yo p'ap touye ou! 24 Mefibochèt, pitit pitit Sayil
la, te vin kontre wa a tou. Depi jou wa David te kite lavil
Jerizalèm lan jouk jou li te tounen san danje san malè a,
Mefibochèt pa t' koupe bab li, ni li pa t' lave pye l', ni li pa
t' lave rad sou li. 25 Lè Mefibochèt rive lavil Jerizalèm pou
li al resevwa wa a, wa a di l': -Mefibochèt, poukisa ou pa t'
pati ansanm avè m'? 26 Mefibochèt reponn li: -Monwa,
se domestik mwen an ki woule m'. Ou konnen m' enfim.
Mwen te mande domestik mwen an pou l' te sele fenmèl
bourik mwen an pou m' te ka ale ansanm avèk monwa. 27
Domestik la al ba ou manti sou mwen. Men, monwa, mèt
mwen, ou tankou yon zanj Bondye. Ou mèt fè sa ou vle
avè m'. 28 Tout moun nan fanmi Sayil, granpapa m' lan,
te merite pou ou te touye yo vre. Men monwa, ou ban m'
dwa pou m' manje sou menm tab avè ou. Mwen pa gen
dwa mande monwa ankenn lòt favè ankò. 29 Wa reponn
li: -Ou pa bezwen di anyen ankò! Mwen pran desizyon m'
deja. W'a antann ou ak Ziba pou nou pataje tè Sayil yo.
30 Mefibochèt di wa a: -Ziba te mèt pran tout pou li. Sa ki

pi enpòtan pou mwen, se wè pou m' wè wa a tounen san
danje san malè nan palè li. 31 Bazilayi, moun lavil Gilgal,
te desann soti lavil Wogelim rive larivyè Jouden ansanm
ak wa a. Li janbe lòt bò larivyè a ansanm ak wa a. Lè li
fin janbe, li di wa a orevwa pou l' te tounen lakay li. 32
Bazilayi te yon vye granmoun, li te gen katrevenzan. Li te
rich anpil. Se li menm ki te bay wa a tout pwovizyon li te
bezwen lè wa a te lavil Manayim. 33 Wa a di l' konsa:
-Ann ale ansanm avè m' lavil Jerizalèm non. M'a pran
swen ou. 34 Men Bazilayi reponn li: -Monwa, mwen pa
rete anpil tan ankò pou m' viv. M' pa wè poukisa pou m'
ale ansanm avè ou lavil Jerizalèm. 35 Mwen deja gen
katreven lanne sou tèt mwen. Anyen pa di m' anyen ankò.
M' pa pran gou ni sa m'ap manje, ni sa m'ap bwè. M' pa
tande vwa gason ak fi k'ap chante yo ankò. M' pral tounen
yon chay pou monwa. 36 Epitou, mwen pa merite tout
rekonpans sa a. Se annik yon ti bout chemen m' te vle fè
avè ou lòt bò larivyè Jouden an. 37 Tanpri, kite m' tounen
lakay mwen. Konsa, m'a mouri toupre tonm fanmi mwen.
Men Chimkam, pitit mwen, ki va sèvi ou. Ou mèt pran l'
avè ou, monwa. W'a fè sa ou wè ki pi bon pou li. 38 Wa a
reponn li: -Bon. M'ap pran l' avè m'. M'a fè pou li tou sa
ou menm w'a wè ki bon pou li. Nenpòt kisa w'a mande
m', m'a fè l' pou ou. 39 Apre sa, tout moun yo janbe lòt
bò larivyè Jouden an. Lè wa a fin janbe, li bo Bazilayi, li
rele benediksyon Bondye sou li. Bazilayi tounen lakay li
apre sa. 40 Tout moun peyi Jida yo ak mwatye nan moun
peyi Izrayèl yo janbe lòt bò larivyè Jouden an ansanm ak
wa a. Wa a desanm lavil Gilga. Chimkam te ale avè l'.
41 Lè sa a, moun peyi Izrayèl yo al jwenn wa a, yo di l'
konsa: -Monwa, poukisa frè nou yo, moun peyi Jida yo,
te vin pran ou, yo fè ou janbe larivyè Jouden ansanm
ak tout fanmi ou ak tout moun pa ou yo? 42 Moun Jida
yo reponn: -Nou fè l' paske wa a pi fanmi moun Jida yo
pase li fanmi moun Izrayèl yo. Sa ki gen la a atò pou nou
fache? Li pa janm peye manje pou nou ki fanmi l', ni li pa
janm fè nou kado anyen. 43 Lamenm, moun peyi Izrayèl
yo reponn moun peyi Jida yo: -Nou gen dis fwa plis dwa
pase moun Jida yo sou wa a, menm si se fanmi yo li ye.
Poukisa nou menm moun Jida yo, nou meprize moun peyi
Izrayèl yo konsa? Pa bliye se nou menm premye moun ki
te pale koze fè wa a tounen an. Men moun peyi Jida yo
pale pi fò, yo fèmen bouch moun peyi Izrayèl yo.

20 Nan lavil Gilgal te gen yon nonm yo te rele Cheba,
pitit Bikri, nan branch fanmi Benjamen an. Se te
yon vakabon. Li manche twonpèt li, li rele pèp la, epi li di
yo byen fò: -Nou pa gen anyen pou nou wè ak David! Nou
pa bezwen anyen nan zafè pitit Izayi a! Ann al lakay nou,
nou menm moun peyi Izrayèl yo! 2 Se konsa moun peyi
Izrayèl yo vire do bay David pou yo swiv Cheba, pitit Bikri
a. Men, moun peyi Jida yo rete ak David. Yo swiv li depi
larivyè Jouden rive lavil Jerizalèm. 3 Lè David rive nan
palè li lavil Jerizalèm, li pran dis fanm kay li te kite pou
okipe palè a, li fèmen yo nan yon kay apa ak moun pou
siveye yo. Li ba yo tou sa yo bezwen, men li pa janm
kouche ak yo yonn ankò. Yo rete fèmen la tout rès lavi yo,
tankou fanm ki pèdi mari yo. 4 Apre sa, wa a pale ak
Amasa, li di l' konsa: -M' ba ou twa jou pou ou sanble tout
mesye Jida yo. Apre sa, w'a vin ak yo devan m'. 5 Amasa
pati al avèti mesye Jida yo. Men, li pa tounen dat wa a
te ba li pou l' te tounen an. 6 Wa a rele Abichayi, li di
l' konsa: -Cheba pral ban nou plis traka pase Absalon.
Pran kòmandman lame mwen an. Pati dèyè l' anvan li
gen tan jwenn yon lavil ak gwo ranpa pou l' chape anba
men nou. 7 Se konsa sòlda Joab yo, keretyen yo ak
peletyen yo ak tout lòt vanyan sòlda ki te nan lame wa a
kite lavil Jerizalèm ak Abichayi, yo pati dèyè Cheba. 8
Lè yo rive bò gwo wòch ki nan lavil Gibeyon an, Amasa
vin kontre ak yo. Joab te gen rad batay li sou li ak yon
nepe nan djenn li mare nan ren l'. Joab vanse devan l'.
Nepe a soti nan djenn lan, li tonbe atè. 9 Joab di Amasa:
-Ban m' nouvèl ou non, zanmi. Epi li kenbe l' nan bab ak
men dwat li pou l' bo li. 10 Amasa menm pa fè atansyon
lòt nepe Joab te kenbe nan men gòch li a. Joab djage l'
nan vant. Tout trip li soti deyò. Li mouri la menm. Konsa,
Joab pa t' bezwen ba li yon dezyèm kou. Apre sa, Joab
ak Abichayi, frè l' la, pati dèyè Cheba. 11 Yonn nan sòlda
Joab yo te kanpe bò kadav Amasa a. Li pran rele byen fò:
-Tout moun ki pou Joab ak David, se pou yo swiv Joab!
12 Men, kadav Amasa a, tou plen san, te blayi nan mitan
wout la. Lè sòlda Joab la wè chak fwa yon moun rive
devan kadav la li rete, li pran kadav Amasa a, li trennen l'
nan yon jaden sou kote wout la, li voye yon rad sou li. 13
Lè li wete kadav la nan mitan wout la, tout lame a pase,
yo pati ak Joab dèyè Cheba, pitit Bikri a. 14 Cheba bò pa
l' menm te pase nan tout peyi ki pou branch fanmi Izrayèl
yo, li rive lavil Abèl-Bèt Maka. Tout moun fanmi Bikri yo te
sanble dèyè l', yo swiv li nan lavil la. 15 Sòlda Joab yo vin
rive devan Abèl-Bèt Maka. Yo sènen lavil la, yo anpile
ranblè nan pye gwo miray deyò a pou yo te ka anvayi lavil
la. Apre sa, yo pran fouye anba miray la pou fè l' tonbe.
16 Te gen yon fanm nan lavil la ki te gen bon konprann. Li
rete sou miray la, li di: -Ey! Ey! Tanpri, koute sa m'ap di
nou! Al di Joab pou l' pwoche bò isit la. Mwen ta renmen
fè yon ti pale avè l'. 17 Joab vin rive. Fanm lan mande l':
-Se ou menm ki Joab la? Joab reponn: -Wi, se mwen
menm. Fanm lan di l': -Se sèvis m'ap rann ou. Koute sa
m'ap di ou. Joab reponn: -M'ap koute ou, wi. 18 Fanm lan
di konsa: -Nan tan lontan yo te konn di: Depi ou bezwen
konnen kichòy, desann lavil Abèl, al mande la. Se konsa
moun te toujou regle zafè yo. 19 Lavil nou se yonn nan
lavil peyi Izrayèl yo kote ki pa gen dezòd. Lèfini, li pa janm
vire do bay wa a. Poukisa w'ap chache detwi l'? Se kraze
ou vle kraze sa ki pou Seyè a? 20 Joab reponn li: -Sa ou
kwè a se pa sa! Se pa t' nan lide m' ni pou m' te kraze,
ni pou m' te detwi lavil nou an. 21 Se pa dèyè sa nou
ye. Gen yon nonm yo rele Cheba, pitit gason Bikri a. Se
moun mòn Efrayim li ye. Li pran lezam kont wa David. Si
ou lage nonm sa a nan men m', m'ap vire do m' kite lavil
la an repo. Fanm lan reponn li: -N'ap voye tèt li jete lòt

bò miray la ba ou. 22 li al pale ak moun lavil yo, li di yo
sa li gen lide fè. Yo koupe tèt Cheba, yo voye l' jete lòt
bò miray la bay Joab. Joab fè kònen twonpèt la pou bay
sòlda li yo siyal pou yo kite lavil la al fè wout yo lakay
yo. Joab menm tounen lavil Jerizalèm al jwenn wa a. 23
Joab te kòmandan tout lame pèp Izrayèl la. Benaja, pitit
Jeyojada, te kòmandan keretyen yo ak peletyen yo, gad
pèsonèl wa a. 24 Adoram te reskonsab kòve yo. Jeozafa,
pitit gason Aliyoud la, te reskonsab achiv wa a. 25 Cheva
te sekretè gouvènman an. Zadòk ak Abyata te prèt. 26 Te
gen yon nonm yo te rele Ira, moun lavil Jayi, ki te prèt wa
David tou.

21 Sou rèy wa David, vin gen yon gwo grangou pandan
twazan yonn apre lòt. Lè sa a, David al mande
Seyè a sa k'ap pase. Seyè a reponn li: -Se krim Sayil ak
fanmi l' yo te fè ki lakòz grangou sa a, paske yo te sasinen
moun lavil Gabawon yo. 2 Moun lavil Gabawon yo pa t'
fanmi moun Izrayèl yo. Se yon ti rès nan moun peyi Amori
moun Izrayèl yo te pran angajman yo t'ap toujou pwoteje.
Men, Sayil te sitèlman cho pou defann enterè moun fanmi
Izrayèl ak fanmi Jida yo, li te soti pou l' te detwi yo. 3 Se
konsa David voye chache yo, li mande yo: -Kisa m' ka fè
pou nou? Ki jan pou m' repare tou sa nou sibi pou nou ka
rale benediksyon sou pèp Seyè a? 4 Yo reponn li: -Sa
nou gen pou n' regle ak Sayil ansanm ak rès fanmi li an,
se pa yon keksyon lò ak ajan, ni nou pa ta renmen touye
pesonn nan peyi Izrayèl. David mande yo: -Manyè di m'
sa nou vle m' fè pou nou. 5 Yo reponn li: -Sayil te soti pou
disparèt nou. Li te fè lide pou l' te touye nou nèt pou l' pa
kite yonn nan nou vivan nan tout peyi Izrayèl la. 6 Enben,
renmèt nou sèt gason nan fanmi li an pou nou ka pann yo
devan Seyè a nan lavil Gabawon, lavil Sayil la menm,
nonm Seyè a te chwazi pou wa a. David reponn yo: -M'ap
ban nou yo. 7 David pa ba yo Mefibochèt, pitit Jonatan
an, pitit pitit Sayil la, poutèt sèman li menm ak Jonatan,
pitit Sayil la, yo te fè devan Bondye. 8 Men, li pran Amoni
ak Mefibochèt, de pitit gason Rispa, pitit Ayi a, te fè pou
Sayil, ansanm ak senk pitit gason Merab, pitit Sayil la, te
fè pou Adriyèl, pitit gason Bazilayi, moun lavil Meola a. 9
Li lage yo nan men moun Gabawon yo ki pann yo sou
yon ti mòn devan Seyè a. Yo tou lesèt mouri ansanm. Lè
sa a, se te fen sezon prentan, yo te fèk konmanse rekòt
lòj la. 10 Apre sa, Rispa, pitit Ayi a, pran yon rad sak, li
vlope kò l' ladan l', li al chita sou wòch kote kadav yo te ye
a. Li rete la depi nan konmansman rekòt la jouk sezon
lapli a rive. Lajounen li t'ap chase zwazo ki te vle vin poze
sou kadav yo. Lannwit li t'ap kouri dèyè bèt nan bwa ki te
vle vin devore yo. 11 Y' al rapòte bay David sa Rispa,
yonn nan fanm kay Sayil yo, t'ap fè a. 12 David al pran
zosman Sayil ansanm ak zosman Jonatan nan men moun
lavil Jabès yo nan peyi Galarad. (Moun sa yo te al vòlò
kadav Sayil ak Jonatan sou plas piblik lavil Bèt-Chean
kote moun Filisti yo te pann yo lè yo te fin touye Sayil sou
mòn Gilboa a.) 13 David pran zosman Sayil ansanm ak
zosman Jonatan yo, li ranmase zosman sèt mesye yo te
pann yo tou. 14 Lèfini, yo antere yo ansanm ak zosman
Sayil ak zosman Jonatan yo nan tonm Kich, papa Sayil la,
lavil Zela nan pòsyon peyi ki pou branch fanmi Benjamen
yo. Yo fè tou sa wa a te bay lòd fè a. Apre sa, Bondye
tande lapriyè yo pou peyi a. 15 Lagè pete ankò ant moun
Filisti yo ak moun peyi Izrayèl yo. David desann ak sòlda
li yo, li al goumen ak moun Filisti yo. Pandan y'ap goumen
konsa, David santi l' bouke. 16 Yon potorik gason bèl wotè
yo te rele Ichbibenòb, moun laras Arafa yo, fè lide pou l'
touye David. Li te gen yon frenn an kwiv ki te peze sèt liv
edmi konsa ak yon nepe tou nèf mare nan ren li. 17 Men,
Abichayi, pitit gason Sewouja a, vin pote wa a sekou. Li
atake moun Filisti a, li touye l'. Lè sa a, moun David yo fè
wa a pwomèt pou li pa janm vin nan lagè avè yo ankò. Yo
di l': -Ou se espwa pèp Izrayèl la. Nou pa vle pèdi ou. 18
Apre sa, te gen yon lòt batay ankò avè moun Filisti yo lavil
Gòb. Lè sa a, Sibekayi, moun lavil Ousa, touye Saf, yon
lòt potorik gason nan ras moun Arafa yo. 19 Pandan yon
lòt batay avèk moun Filisti yo ankò nan menm lavil Gòb
la, Elanan, pitit gason Jari, moun lavil Betleyèm, touye
Golyat, yon moun lavil Gat. Frenn Golyat la te gen yon
manch menm gwosè ak yon gwo manch pilon. 20 vin gen
yon lòt batay ankò lavil Gat. Lè sa a, te gen yon sòlda
bèl wotè ki te gen sis dwèt nan chak men, sis zòtèy nan
chak pye. Se te yonn nan ras moun Arafa yo. 21 Li t'ap
pase moun pèp Izrayèl yo nan betiz. Jonatan, pitit gason
Chimeya, frè David la, touye l'. 22 Kat sòlda peyi Filisti sa
yo te moun bèl wotè, potorik gason, nan ras moun Arafa
yo lavil Gat. David ak moun pa li yo touye yo.

22 Lè Seyè a te fin delivre David anba men Sayil ak
anba men tout lènmi li yo, David chante chante sa a
pou Seyè a. 2 Li di konsa: -Seyè, se ou menm ki twou
wòch kote m' kache a. Se ou menm ki sèvi m' ranpa. Se
ou menm ki delivre m'. 3 Ou se Bondye mwen, se ou
menm ki pwoteje m'. Se nan ou mwen mete tout konfyans
mwen. Se ou ki tout defans mwen. Se fòs ou k'ap sove
m'. Se anba zèl ou m' jwenn kote pou m' kache. Se ou ki
delivrans mwen. Se ou ki delivre m' anba mechan yo. 4
Mwen rele Seyè a, li delivre m' anba lènmi m' yo. Lwanj
pou Seyè a! 5 Lanmò te fin vlope m', mwen te pè lè m'
wè tout malè sa yo tonbe sou mwen. 6 Privye lanmò te
tonbe sou mwen yon sèl kou. Kote m' vire, mwen wè
lanmò devan m'. **(Sheol h7585)** 7 Nan mizè mwen te ye a
mwen rele Seyè a, Mwen mande Bondye mwen sekou.
Kote l' chita lakay li a, li tande vwa mwen. Rèl mwen rive
jouk nan zòrèy li. 8 Lè sa a, latè pran tranble, li souke.
Fondasyon syèl la pran tranble. Yon sèl frison pran yo,
paske Bondye te an kòlè. 9 Lafimen t'ap soti nan twou
nen li. Yon gwo flanm dife ak moso chabon tou limen t'ap
soti nan bouch li. 10 Li bese syèl la, li desann ak yon
gwo nwaj nwa anba pye li. 11 Li moute sou do yon zanj
cheriben, li t'ap vole. Yon kouran van t'ap pouse l' ale. 12
Li te kache kò l' nan fènwa. Yon gwo nwaj pwès plen dlo
te vlope l' toupatou. 13 Anpil chabon dife tou limen t'ap
soti nan gwo limyè ki t'ap klere devan li an. 14 Seyè a

pran gwonde nan syèl la. Bondye ki anwo nan syèl la fè
tout moun tande vwa li. 15 Li voye flèch li yo, li gaye tout
lènmi m' yo, li fè yo tout kouri ak kout zèklè. 16 Lè ou an
kòlè, Seyè, van soti ak fòs nan twou nen ou. Lè konsa,
moun wè fon lanmè a, fondasyon latè a parèt aklè. 17
Seyè a rete nan syèl la, li lonje men l', li pran m'. Li rale
m' soti nan mitan gwo dlo yo. 18 Li delivre m' anba gwo
lènmi m' yo, anba tout moun sa yo ki te rayi m', epi ki te pi
fò pase m'. 19 Lè m' te nan tray, yo pwofite atake m'.
Men, Seyè a te kenbe m'. 20 Li wete m' nan move pa a.
Li delivre m' paske li renmen m'. 21 Seyè a ban m' sa
m' merite, paske li wè m' mache dwat devan li. Li ban
m' benediksyon paske li wè mwen inonsan. 22 Mwen te
obeyi lalwa Seyè a, mwen pa janm vire do bay Bondye.
23 Mwen fè tou sa ki nan lalwa li, mwen pa janm dezobeyi
kòmandman li yo. 24 Li konnen mwen pa antò. Mwen
kenbe kò m' pou m' pa fè sa ki mal. 25 Se konsa li ban m'
sa m' merite, paske mwen mache dwat devan li, paske li
wè mwen inonsan. 26 Ou menm, Seyè, ou kenbe pawòl
ou ak moun ki kenbe pawòl yo, ou bon ak moun ki bon.
27 Ou pa fè ipokrit ak moun ki pa fè ipokrit avè ou, men ou
malen ak moun ki malen. 28 Ou sove moun ki soumèt yo
devan ou. Men, ou annik gade moun ki gen lògèy yo, ou
desann yo. 29 Seyè, ou se limyè mwen. Se ou ki wete m'
nan fènwa kote m' te ye a. 30 Avè ou, mwen fonse sou
bann lènmi m' yo ki ame jouk nan dan. Avè ou, mwen
eskalade miray ki sèvi yo defans. 31 Bondye o! Tou sa
ou fè bon nèt ale. Ou pa gen de pawòl. Ou pwoteje tout
moun ki chache pwoteksyon anba zèl ou. 32 Ki moun ki
Bondye si se pa Seyè a? Ki moun ki defans nou si se pa
Bondye nou an? 33 Se Bondye ki pwoteje m' avè fòs li. Li
fè m' mennen yon lavi san repwòch. 34 Li asire pye m'
tankou pye kabrit, li fè m' mache sou mòn yo san m' pa
tonbe. 35 Li moutre m' jan pou m' goumen. Li ban m' fòs
pou m' sèvi ak pi gwo banza ki genyen. 36 Se ou menm,
Seyè, ki pwoteje m'. Se ou ki sove m'. Si m' kapab leve
kanpe, se paske ou renmen m'. 37 Ou pa kite yo bare
wout mwen. Mwen pa janm pèdi pye. 38 Mwen kouri dèyè
lènmi m' yo, mwen bat yo. Mwen pa tounen toutan mwen
pa fin kraze yo nèt. 39 Mwen jete yo atè, m' kraze yo, yo
pa ka leve. Yo tonbe, mwen mete pye m' sou kou yo.
40 Ou ban m' kont fòs pou m' goumen. Ou fè lènmi m'
yo mande m' padon. 41 Ou fè yo kouri devan m'. Mwen
disparèt tout moun ki rayi m' yo. 42 Y'ap mande sekou,
men pa gen moun ki ka sove yo. Y'ap rele Seyè a, men li
pa reponn yo. 43 Mwen kraze yo fè yo tounen pousyè. M'
pilonnen yo, m' mache sou yo tankou sou labou nan lari.
44 Ou delivre m' anba pèp rebèl sa a. Ou fè m' rete chèf
pou m' gouvènen tout nasyon yo tou. Pèp mwen pa t'
konnen, se yo menm k'ap sèvi m'. 45 Moun lòt peyi yo ap
achte figi m'. Kou yo tande vwa m', yo obeyi m'. 46 Yo
pèdi tout kouraj yo. Yo soti kote yo te kache a, y'ap tranble
kou fèy bwa. 47 Konpliman pou Seyè a! Lwanj pou moun
ki pran defans mwen an! Se Bondye ki delivre m', se li
menm ki pwoteje m'. Ann fè konnen jan li gen pouvwa! 48
Se Bondye ki pran revanj mwen. Se li ki mete pèp yo
anba pye mwen. 49 Ou sove m' anba men lènmi m' yo.
Ou wete m' anba men moun ki t'ap konbat mwen yo. Ou
delivre m' anba ansasen yo. 50 Se poutèt sa m'a fè moun
lòt nasyon yo konnen ki moun ou ye. m'a chante pou fè
lwanj ou. 51 Bondye delivre wa li a anpil fwa. Li moutre
jan li pa janm sispann renmen David, moun li chwazi a,
ansanm ak pitit pitit li yo pou tout tan.

23 Men dènye pawòl David yo. David, pitit gason Izayi
a, te yon nonm Bondye te mete byen wo. Se li
menm Bondye Jakòb la te chwazi pou wa. Li te fè bèl
chante pou pèp Izrayèl la. Men sa li te di: 2 Se lespri
Seyè a k'ap pale nan mwen. Se mesaj li k'ap soti nan
bouch mwen. 3 Bondye pèp Izrayèl la pale. Moun k'ap
pwoteje pèp Izrayèl la di m' konsa: Chèf k'ap gouvènen
san patipri, k'ap gouvènen avèk krentif pou Bondye, 4 ap
tankou solèy k'ap leve byen klere nan maten, nan yon
syèl klè san yon ti nwaj ladan l'. L'ap tankou solèy k'ap fè
zèb pouse apre lapli. 5 Se konsa Bondye pral beni tout
ras mwen, paske li te pase yon kontra avè m' pou tout
tan, yon kontra ki p'ap janm kase, yon pwomès ki p'ap
janm chanje. Nan tout sikonstans l'ap fè m' genyen. L'ap
ban mwen tou sa mwen vle. 6 Men, moun ki pa konn
Bondye yo, y'ap tankou pikan y'ap voye jete. Pesonn p'ap
manyen yo ak men. 7 Pou manyen yo se pou ou gen
yon bout fè osinon yon frenn. Lèfini, ou boule yo nèt nan
dife. 8 Men non vanyan sòlda David yo: Premye a te
rele Jochèb Bachebèt, moun lavil Tachemon. Se li menm
ki te chèf Twa pi vanyan yo. Pou kont li, li goumen ak
frenn li ak witsan (800) moun. Li touye tout yon sèl kou.
9 Dezyèm lan te rele Eleaza, pitit Dodo, pitit yon moun
lavil Awoya. Se te yonn nan Twa pi vanyan yo. Yon jou, li
menm ak David, y' al atake moun Filisti yo ki te sanble
pou goumen. Sòlda pèp Izrayèl yo te kouri pou batay la.
10 Men, li menm, li kenbe tèt ak moun Filisti yo, li touye
moun jouk li gen lakranp nan men l'. Li pa t' ka louvri
men l' pou l' lage nepe a. Jou sa a, Seyè a goumen byen
goumen jouk li touye tout lènmi yo. Apre sa, lame pèp
Izrayèl la tounen kote Eleaza te ye a, yo pran tou sa lènmi
yo te kite. 11 Twazyèm lan te rele Chama, pitit gason
Age, moun lavil Ara. Yon jou, moun Filisti yo te sanble
lavil Lechi, kote ki te gen yon gwo jaden pwa. Sòlda pèp
Izrayèl yo t'ap kouri pou moun Filisti yo. 12 Men Chama
rete kanpe nan mitan jaden pwa a, li kenbe tèt ak moun
Filisti yo, li bat yo byen bat. Se konsa Seyè a te goumen
byen goumen jouk li touye tout lènmi yo. 13 Yon lòt jou,
nan sezon rekòt, twa nan gwoup trant yo al jwenn David
nan gwòt Adoulam lan. Lame moun Filisti yo te moute kan
yo nan plenn Refrayim yo. 14 Lè sa a, David te nan ti
fò a. Yon gwoup moun Filisti te pran lavil Betleyèm. 15
Yon sèl anvi pran David, li di konsa: Ki moun ki va fè m'
bwè ti gout dlo nan pi ki nan pòtay lavil Betleyèm lan? 16
Lamenm, twa mesye yo desann nan kan moun Filisti yo,
yo pran dlo nan pi ki te nan pòtay lavil Betleyèm lan, yo
pote l' vin bay David. Men, David refize bwè dlo a. Li vide

l' atè, li ofri l' bay Seyè a. 17 Li di konsa: Seyè, mwen
pa gen dwa bwè dlo sa a. Se tankou si m' ta bwè san
mesye sa yo ki te riske lavi yo pou al chache l'. Se konsa
li derefize bwè dlo a. Se sa twa vanyan sòlda sa yo te fè.
18 Abichayi, frè Joab, pitit Sewouja, te chèf gwoup trant
yo. Pou kont li, avèk yon frenn nan men l', li goumen ak
twasan (300) moun, li touye yo. Se konsa, tout moun t'ap
nonmen non l' nan gwoup trant lan. 19 Se non li yo t'ap
nonmen pi plis nan Trant yo. Apre sa, li vin chèf yo. Men,
li pa janm rive fè sa Twa pi vanyan yo te fè. 20 Benaja,
pitit gason Jeojada a, moun lavil Kabseyèl, te pitit pitit yon
vanyan sòlda. Li te fè anpil bagay ki fè wè li pa t' manke
kouraj. Se li menm ki te touye de pitit Ariyèl yo, moun lavil
Moab. Yon jou, lanèj t'ap tonbe, li desann nan yon sitèn
dlo pou li touye yon lyon. 21 Se li menm ki te touye yon
moun peyi Lejip, yon potorik gason bèl wotè, ki te gen yon
frenn nan men l'. Li menm, li atake l' ak yon baton ase.
Li wete frenn lan nan men moun Lejip la epi li touye l'
avè l'. 22 Men sa Benaja, pitit gason Jeojada a, te fè. Se
konsa tout moun t'ap nonmen non l' nan gwoup Trant
lan. 23 Se non li yo t'ap nonmen pi plis nan Trant yo.
Apre sa, li vin chèf yo. Men, li pa t' janm rive fè sa twa
pi vanyan yo te fè. David te mete l' chèf gad kò li. 24
Nan gwoup Trant lan te gen ankò: Asayèl, frè Joab la,
Elanan, pitit gason Dodo, moun lavil Betleyèm, 25 Chama
ak Elika, moun lavil Awòd, 26 Elèz, moun lavil Pelèt, Ira,
pitit gason Ikèch, moun lavil Tekoa, 27 Abyezè, moun
lavil Anatòt, Mebounayi, moun lavil Oucha, 28 Salmon,
moun lavil Awoya, Marayi, moun lavil Netofa, 29 Elèb,
pitit gason Bana, moun lavil Gibeya nan pòsyon tè ki
pou branch fanmi Benjamen yo, 30 Benaja, moun lavil
Piraton, Idayi, moun ravin Gach yo, 31 Abyalbon, moun
lavil Araba, Azmavèt, moun lavil Baawoun, 32 Elyaba,
moun lavil Chalbon, pitit gason Joachenn yo, Jonatan, 33
Chama, moun lavil Ara, Akiyam, pitit gason Chara, moun
lavil Ara, 34 Elifelèt, pitit gason Asbayi, moun lavil Maka,
Elyam, pitit gason Achitofèl, moun lavil Gilo, 35 Ezarayi,
moun lavil Kamèl, Parayi, moun lavil Arab, 36 Igal, pitit
gason Natan, moun lavil Zoba, Bani, moun lavil Gad, 37
Zelèk, moun lavil Amon, Nakarayi, moun lavil Bewòt, se li
menm ki te pote zam Joab, pitit Sewouya a, 38 Ira ak
Garèb, nan fanmi Jetè a, 39 Ouri, moun lavil Et la. Antou,
te gen trannsèt vanyan sòlda.

24 Yon jou, Seyè a move sou pèp Izrayèl la ankò. Li fè
David lakòz malè tonbe sou yo. Seyè a di David al
konte konbe moun ki nan peyi Izrayèl ak nan peyi Jida. 2
Wa a pale ak Joab, kòmandman an chèf lame a, ki te la
avè l', li di l' konsa: -Ale nan tout branch fanmi Izrayèl yo,
depi lavil Dann nan nò jouk lavil Bètcheba nan sid. Konte
mezi moun ki nan pèp la. Mwen vle konnen konbe moun
ki gen nan peyi a. 3 Men, Joab di wa a: -Monwa, mwen
mande Seyè a, Bondye ou la, pou li fè pèp Izrayèl la vin
san fwa pi plis pase jan li ye koulye a, lèfini pou monwa
ka viv lontan pou wè sa! Men, poukisa, monwa, ou vle
konte konbe moun ki nan peyi a? 4 Men, wa a pa t' soti
pou li chanje lòd li te bay la. Konsa, Joab ak lòt gwo chèf
lame yo te blije soumèt yo. Yo soti devan wa a, yo pati, y'
al konte konbe moun ki nan peyi Izrayèl la. 5 Yo travèse
larivyè Jouden, y' al moute kan yo lavil Awoyè, nan mitan
fon an, nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Gad la. Apre
sa, yo pati pou Jazè bò nan nò. 6 Y' al lavil Galarad,
yo pase lavil Kadès nan pòsyon tè ki pou moun Et yo,
jouk yo rive Dann. Yo mache nan tout zòn lan, apre sa
y' ale lavil Sidon sou bò lwès. 7 Lèfini, yo desann nan
direksyon sid, yo rive nan Fò Tir la, yo pase nan tout bouk
moun Iva yo ak bouk moun Kanaran yo, yo rive Bècheba
nan zòn Negèv nan peyi Jida a. 8 Se konsa yo mache
nan tout peyi a. Apre nèf mwa ven jou, yo tounen lavil
Jerizalèm. 9 Joab renmèt wa a rapò ki bay kantite moun
antou ki te gen nan tout peyi a. Se konsa yo te jwenn
witsanmil (800.000) gason ki ka fè lagè epi ki konn sèvi ak
nepe nan peyi Izrayèl la ak senksanmil (500.000) nan
peyi Jida a. 10 Lè David fin fè konte konbe moun ki gen
nan peyi a, konsyans li konmanse repwoche l'. Li di Seyè
a: -Lè m' fè sa m' fè a, mwen fè yon gwo peche. Tanpri,
Seyè, padonnen m', se sèvitè ou mwen ye. Mwen te aji
tankou moun fou. 11 Nan denmen maten, antan David ap
leve sot nan kabann li, 12 Seyè a pale ak pwofèt Gad,
konseye David la, li di l' konsa: -Al di David mwen ba li
twa chatiman pou li menm li chwazi yonn ladan yo. Sa l'a
chwazi a se sa m'a fè l'. 13 Gad vin jwenn li lakay li. Li fè
l' konnen mesaj Seyè a te ba li a. Li di l' konsa: -Kisa
ou vle? Sèt lanne grangou nan tout peyi a, twa mwa ap
kouri devan lènmi ou, osinon twa jou epidemi nan tout
peyi a. Al kalkile sou sa pou ou fè m' konnen ki repons
pou m' pote bay moun ki voye m' lan. 14 David reponn: -
Mwen nan gwo tèt chaje! Men, m' pa vle tonbe anba men
lèzòm menm! Pito se Seyè a menm ki pini m', paske li gen
bon kè. 15 Se konsa Seyè a voye yon epidemi sou pèp
Izrayèl la, li konmanse menm jou maten sa a pou twa jou,
jan l' te di a. Depi lavil Dann nan nò rive lavil Bètcheba
nan sid peyi a, swasanndimil (70.000) moun nan pèp
Izrayèl la mouri. 16 Lè zanj Seyè a te prèt pou lonje men
l' sou lavil Jerizalèm pou detwi l', Seyè a fè lide sispann
chatiman an. Li di zanj ki t'ap touye moun yo: -Sispann!
kenbe men ou! Lè sa a, zanj lan te gen tan toupre gwo
glasi Araounak, moun lavil Jebis la. 17 David wè zanj lan
ki t'ap touye moun yo, li pale ak Seyè a, li di l' konsa: -Se
mwen menm ki koupab. Se mwen menm ki fè sa ki mal la.
Kisa inonsan sa yo fè? Tanpri, se mwen menm ansanm
ak fanmi mwen pou ou ta pini! 18 Men, jou sa a pwofèt
Gad al jwenn David, li di l' konsa: -Moute lakay Araounak,
moun lavil Jebis la, bati yon lotèl pou Seyè a nan mitan
gwo glasi a. 19 David koute sa Gad te di l' la, li moute
lakay Araounak jan Seyè a te ba li lòd la. 20 Araounak
t'ap gade, li wè wa a ki t'ap vin sou li ansanm ak chèf li
yo. Li tonbe ajenou devan wa a, li bese tèt li jouk atè. 21
Li di l' konsa: -Monwa, sa ki mennen ou isit lakay mwen?
David reponn li: -Mwen vin achte anplasman glasi a pou
m' bati yon lotèl pou Seyè a, konsa epidemi an va sispann

nan peyi a. **22** Araounak di l' konsa: -Monwa, ou mèt pran
l'. Ofri Seyè a sa ou vle. Men bèf sa yo pou ou boule nèt
tankou yon ofrann sou lotèl la. Men jouk yo ak bwa kabwa
yo pou fè dife. **23** Araounak bay wa a tout bagay sa yo.
Lèfini, li di: -Mwen mande Bondye pou l' asepte ofrann ou
an! **24** Men wa a reponn li, li di l': -Non. Se achte m'ap
achte. Se pou m' peye pou yo. Mwen p'ap pran anyen ki
pa koute m' lajan pou m' ofri pou boule nèt pou Seyè a.
Se konsa, David achte anplasman glasi a ansanm ak tout
bèf yo pou senkant pyès ajan. **25** Lèfini, li bati yon lotèl
pou Seyè a, li fè ofrann pou boule nèt pou Bondye ak
ofrann pou di Bondye mèsi. Seyè a tande lapriyè yo pou
peyi a. Epidemi an sispann nan peyi Izrayèl la.

1 Wa

1 David te fin vye granmoun, li te gen gwo laj sou tèt
li. Menm lè yo te kouvri l' byen kouvri ak anpil rad sou
li, li te santi frèt toujou. 2 Lè sa a, moun pa l' yo di l': -
Monwa, nou pral chache yon jenn fi ki tifi toujou pou rete
avè ou, pou pran swen ou. L'a kouche kole avè ou pou
chofe ou. 3 Yo mete chache yon bèl jenn fi nan tout peyi
Izrayèl la. Yo jwenn yon jenn fi nan ti bouk Chounam lan.
Li te rele Abichag. Yo mennen l' bay wa a. 4 Se te yon bèl
bèl fi. Li pran swen wa a, li sèvi l'. Men, wa a pa janm
kouche avè l'. 5 Lè sa a, Adonija, pitit gason David te fè
ak Agit la, pran pòz otorite li. Li t'ap di: -Se mwen menm ki
pou wa. Li chache cha lagè, chwal ak yon eskòt senkant
moun ki t'ap kouri devan l' lè li sou cha pa l'. 6 Men, depi li
piti, papa a te gate l', li toujou kite l' fè sa li vle. Adonija te
fèt apre Absalon. Li te yon bèl gason tou. 7 Adonija pale
avèk Joab, pitit gason Sewouya a, ansanm ak Abyata,
prèt la. De mesye sa yo dakò pou mete tèt ansanm avè
l'. 8 Men Zadòk, prèt la, Benaja, pitit gason Jeojada a,
pwofèt Natan, Chimeyi, Reyi ak vanyan sòlda David yo pa
te patizan Adonija. 9 Yon jou, Adonija fè yon gwo sèvis
pou Bondye bò Wòch Zoelèt la toupre sous Anwogèl. Li
touye mouton, bèf ak ti towo bèf chatre sou lotèl la. Li
envite tout lòt frè l' yo, pitit gason David yo, ansanm ak
tout gwo chèf nan peyi Jida ki t'ap travay ak papa l'. 10
Men, li pa t' envite ni Natan, ni Benaja, ni vanyan sòlda
David yo, ni Salomon, frè menm papa avè l' la. 11 Lè sa
a, Natan al jwenn Batcheba, manman Salomon, li di l'
konsa: -Ou pa tande jan Adonija, pitit gason Agit la, gen
tan pran pòz wa li? Men, wa David pa konn anyen. 12
Koulye a, mwen pral ba ou yon konsèy si ou vle sove
lavi ou ansanm ak lavi Salomon, pitit gason ou lan. 13
Ou prale jwenn wa a, w'ap di l' konsa: Monwa, se pa ou
menm ki te fè m' sèman se Salomon, pitit gason m' lan,
ki t'ap wa apre ou, se li menm ki tapral chita sou fotèy
la nan plas ou? Kijan fè se Adonija ki wa koulye a? 14
Pandan w'ap pale ak wa a konsa, mwen menm m'ap
antre dèyè ou, m'ap di wa a menm bagay la tou. 15 Se
konsa, Batcheba al jwenn wa a nan chanm li. Wa a te fin
granmoun. Se Abichag, moun lavil Chounam lan, ki t'ap
pran swen li. 16 Batcheba tonbe ajenou devan wa a, li
bese tèt li jouk atè. Wa a mande l': -Kisa ou vle? 17 Li
reponn, li di konsa: -Monwa, ou te fè m' sèman devan
Seyè a, Bondye ou la, se Salomon, pitit gason m' lan, ki
t'ap wa apre ou, se li menm ki t'ap chita sou fotèy la nan
plas ou. 18 Men koulye a, Adonija gen tan wa sou nou la
a. Ou menm, monwa, ou pa konn sa. 19 Li fè sèvis pou
Bondye, li touye yon pakèt mouton, bèf, ti towo chatre. Li
envite tout lòt pitit gason ou yo, Abyata, prèt la, Joab,
kòmandan lame a. Men, li pa envite Salomon, pitit gason
ou lan. 20 Koulye a, monwa, je tout pèp Izrayèl la sou ou,
y'ap tann ou di yo ki moun ki pral chita sou fotèy la apre
ou. 21 Si ou pa fè sa, monwa, lè w'a mouri, yo pral pran
ni mwen, ni Salomon, pitit mwen an, y'ap touye nou pou
move je. 22 Batcheba pa t' ankò fin pale ak wa a lè pwofèt
Natan rive nan palè a. 23 Yo vin di wa a men pwofèt
Natan la. Natan antre, li tonbe ajenou, li bese tèt li jouk
atè devan wa a. 24 Lèfini, li di konsa: -Monwa, mèt mwen,
èske se ou menm ki di se Adonija ki pou wa apre ou, se li
ki pou chita sou fotèy la nan plas ou? 25 Paske jòdi a l'
ale, li fè sèvis pou Bondye, li touye yon pakèt bèf, ti towo
chatre ak mouton. Li envite tout lòt pitit gason ou yo, tout
gwo chèf lame a ansanm ak Abyata, prèt la. Koulye a y'ap
manje, y'ap bwè avè l', y'ap di: Viv wa Adonija! 26 Men,
monwa, li pa envite ni mwen, ni Zadòk, prèt la, ni Benaja,
pitit Jeojada a, ni Salomon, pitit gason ou lan. 27 Eske se
monwa ki bay lòd fè sa san ou pa fè moun k'ap sèvi ou yo
konnen ki moun ki pral chita sou fotèy la nan plas ou? 28
Wa David reponn, li di: -Rele Batcheba pou mwen, tanpri!
Batcheba antre ankò, li kanpe devan wa a. 29 Lè sa a, wa
a fè sèman, li di konsa: -Mwen fè sèman nan non Seyè ki
vivan an, li menm ki te delivre m' anba tout tray mwen yo.
30 Sa m' te pwomèt ou pou m' fè nan non Seyè a, Bondye
pèp Izrayèl la, m'ap fè l' jòdi a. Se Salomon, pitit gason ou
lan, k'ap chita sou fotèy la nan plas mwen, se li menm
k'ap gouvènen apre mwen. 31 Batcheba tonbe ajenou
devan wa a, li bese tèt li byen ba jouk atè, li di: -Se pou
yo toujou fè lwanj wa David, mèt mwen! 32 Lè sa a, wa
David voye chache Zadòk, prèt la, Natan pwofèt la, ak
Benaja, pitit gason Jeojada a. Lè yo parèt devan wa a,
33 wa a di yo konsa: -Pran tout chèf gouvènman m' yo.
Fè Salomon, pitit gason m' lan, moute sou milèt pa m'
lan. Nou tout va desann avè l' bò sous Giyon an. 34 Lè
n'a rive la, Zadòk, prèt la, ak Natan, pwofèt la, va vide
lwil sou tèt li, y'a mete l' apa pou l' sèvi wa pèp Izrayèl
la. Apre sa, n'a fè kònen twonpèt, epi n'a rele: Viv wa
Salomon! 35 Lèfini, n'a pran mache dèyè l', n'a tounen isit
la. Salomon va vin chita sou fotèy mwen an. L'a pran plas
mwen, paske se li menm mwen chwazi pou gouvènen
pèp Izrayèl la ansanm ak pèp Jida a. 36 Benaja, pitit
gason Jeojada a, reponn wa a: -Se sa menm! Se Seyè
a, Bondye monwa a menm, ki pale nan bouch ou! 37
Menm jan Seyè a te toujou kanpe la avè monwa, se pou li
toujou kanpe la avèk Salomon tou. Se pou gouvènman li
an pi byen chita toujou pase gouvènman wa David, mèt
mwen. 38 Zadòk, prèt la, Natan, pwofèt la, ak Benaja, pitit
Jeojada a, ansanm ak keretyen yo ak peletyen yo ale, yo
fè Salomon moute sou milèt wa David la, yo mennen l'
bò sous Giyon an. 39 Zadòk, prèt la, pran kòn lwil ki te
nan Tant Randevou a, li vide ti gout sou tèt Salomon. Yo
kònen twonpèt, tout pèp la pran rele: Viv wa Salomon!
40 Apre sa, yo tout t'ap mache dèyè li, yo tounen lavil
Jerizalèm. Yo t'ap jwe fif, yo t'ap danse. Sitèlman yo t'ap
fè bri ou ta di tè a t'ap tranble anba pye yo. 41 Adonija te
fin manje ansanm ak tout envite l' yo lè yo tande bri a.
Lè Joab tande twonpèt la, li mande: -Pouki tout bri sa a
nan lavil la? 42 Li pa t' ankò fèmen bouch li, Jonatan,
pitit Abyata prèt la, rive. Adonija di l' konsa: -Antre non,
monchè! Ou se moun debyen, se bon nouvèl ase pou ou

pote! 43 Jonatan reponn, li di Adonija konsa: -Nouvèl yo
pa bon menm. Wa David, chèf nou an, fè Salomon wa. 44
Li voye chache Zadòk, prèt la, Natan, pwofèt la, Benaja,
pitit Jeojada a, ansanm ak keretyen yo ak peletyen yo, li
fè yo ale ak Salomon. Yo menm, yo fè Salomon moute
sou milèt wa a. 45 Zadòk, prèt la, ak Natan, pwofèt la,
vide lwil sou tèt li bò sous Giyon an, yo mete l' apa pou
l' sèvi wa. Lèfini, yo tounen lavil la, y'ap rele tèlman yo
kontan. Tout lavil la tèt anba. Se bri sa a nou tande a. 46
Lèfini, Salomon moute chita sou fotèy wa a. 47 Tout moun
k'ap travay nan gouvènman wa David yo vin fè wa David,
chèf nou an, konpliman. Yo di: Se pou Bondye ou la fè
Salomon yon pi gwo wa pase ou. Se pou gouvènman li an
pi chita toujou pase pa ou la! Lèfini, wa David bese byen
ba sou kabann li pou li adore Bondye. 48 Li di: Lwanj pou
Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, li menm ki penmèt pou jòdi
a se yonn nan pitit mwen yo ki chita sou fotèy la nan plas
mwen. Lèfini, li kite m' wè sa anvan m' mouri. 49 Lè sa a,
tout envite Adonija yo pran tranble. Yo tout leve, y' al fè
wout yo, chak moun bò pa yo. 50 Adonija menm bò pa l'
te sitèlman pè pou Salomon pa touye l', li leve, li kouri ale
nan Tant Randevou a, li kenbe kòn lotèl la. 51 Y' al di wa
Salomon: -Adonija sitèlman pè pou monwa pa touye l', l' al
kache bò lotèl la. Li di li vle pou wa Salomon fè l' sèman
jòdi a menm li p'ap fè yo touye l'. 52 Salomon reponn: -Si
msye aji tankou moun debyen, yon grenn cheve nan tèt
li p'ap tonbe. Men, si li fè sa li pa t' dwe fè, l'ap mouri.
53 Salomon voye chache Adonija soti bò lotèl la. Yo fè l'
desann lotèl la. Li vin bese byen ba devan wa Salomon.
Wa a di l' konsa: -Ou mèt al lakay ou.

2 Lè David santi li pral mouri, li rele Salomon, pitit gason
l' lan, li ba li dènye volonte l'. Li di l' konsa: 2 -Talè
konsa mwen pral fè dènye gwo vwayaj la tankou tout
moun sou latè. Pran kouraj, pitit mwen! Mete gason sou
ou! 3 Se pou ou fè tou sa Seyè a, Bondye ou la, va ba
ou lòd fè. W'a fè volonte Bondye, w'a mache dapre lòd,
kòmandman, regleman ak prensip li bay yo jan sa ekri nan
liv Lalwa Moyiz la, pou tout zafè ou mache byen kote ou
pase, nan tou sa w'ap fè. 4 Si ou fè sa, Seyè a va kenbe
pwomès li te fè a lè l' te di m' si pitit mwen yo mennen bak
yo byen, si yo mache dwat devan li ak tout kè yo, ak tout
nanm yo, ap toujou gen yonn nan yo pou gouvènen pèp
Izrayèl la apre mwen. 5 Koulye a, ou konnen sa Joab,
pitit gason Sewouya a, te fè m' lè li te touye de jeneral
lame pèp Izrayèl la: Abnè, pitit gason Nè a, ak Amasa,
pitit gason Jetè a. Ou chonje jan lè sa a pa t' gen lagè. Li
touye yo pou l' te ka tire revanj pou moun mesye sa yo te
touye pandan lagè. Li touye de inonsan, kifè jouk jounen
jòdi a m'ap pote chaj la pou li, m'ap peye konsekans sa li
te fè a. 6 Ou konnen sa ou gen pou fè. Pa kite se vyeyès
ki touye l'. **(Sheol h7585)** 7 W'a aji byen ak pitit gason
Bazilayi yo, moun lavil Galarad la. y'a manje sou tab avè
ou, paske yo te aji byen avè m' lè mwen t'ap kouri pou
Absalon, frè ou la. 8 Ou gen ankò bò kote ou Chimeyi,
pitit gason Gera a, moun lavil Bakourim nan pòsyon tè
branch fanmi Benjamen yo. Jou mwen t'ap kouri ale lavil
Manayim lan, li te ban m' gwo madichon. Men, lè m' t'ap
tounen, li vin kontre m' bò larivyè Jouden. Jou sa a, mwen
te fè sèman nan non Seyè a mwen p'ap fè yo touye l'. 9
Men ou menm, pa padonnen l' sa. Ou gen bon konprann,
ou konn sa pou ou fè avè l'. Jwenn yon jan pou fè yo
touye l' atout li fin vye granmoun lan. **(Sheol h7585)** 10 Lè
David mouri yo antere l' nan lavil David la. 11 Li pase
karantan ap gouvènen pèp Izrayèl la: Pandan sètan li te
rete lavil Ebwon. Pandan rès tranntwazan yo, li te rete
lavil Jerizalèm. 12 Salomon, pitit gason David la, vin wa
nan plas papa li. Gouvènman li te byen chita. 13 Yon jou,
Adonija, pitit Agit la, al wè Batcheba, manman Salomon.
Batcheba mande l': -Se yon vizit zanmi ou vin fè m' la a?
Adonija reponn: -Se sa menm! 14 Apre sa, li di l': -Mwen
gen yon bagay mwen ta renmen mande ou! Batcheba di
l': -Kisa l' ye? 15 Adonija reponn: -Ou konnen se mwen
menm ki pou te wa apre papa m'. Lèfini, se sa tout pèp
Izrayèl la t'ap tann. Men, sa pase yon lòt jan. Se frè m' lan
ki wa koulye a paske se Seyè a ki vle l' konsa. 16 Bon,
yon sèl favè m'ap mande ou. Pa refize m' li. 17 Batcheba
di l': -Pale non! Adonija reponn: -Tanpri, al mande wa
Salomon pou l' ban mwen Abichag, tifi lavil Chounam lan,
pou madanm mwen. Mwen konnen li p'ap refize ou sa.
18 Batcheba reponn: -Bon, dakò! m'a pale ak wa a pou
ou! 19 Se konsa Batcheba al pale ak wa Salomon pou
Adonija. Wa a leve kanpe pou l' resevwa manman l'. Li
bese byen ba devan l' pou di l' bonjou. Apre sa, l' al chita
sou fotèy li, epi li bay lòd pou yo pote yon lòt fotèy pou
manman l' chita bò dwat li. 20 Batcheba di konsa: -Mwen
ta renmen mande yon ti favè. Tanpri, pa refize m' sa.
W'a reponn: -Manman, mande m' sa ou vle. Mwen p'ap
refize ou li. 21 Batcheba di l': -Kite Adonija, frè ou la, pran
Abichag, tifi lavil Chounam lan, pou madanm li. 22 Wa a
reponn manman li, li di li: -Poukisa w'ap mande m' pou
m' bay Adonija Abichag, tifi lavil Chounam lan? Ou ta
mèt tou mande m' pou m' ba li plas wa a tou, se gran
frè m' li ye. Lèfini, li gen Abyata, prèt la, ak Joab, pitit
Sewouja a, avè l'. 23 Apre sa Salomon fè sèman sa a
devan Seyè a: -Se pou Bondye ban m' pi gwo pinisyon ki
genyen si mwen pa fè Adonija peye pou sa l' mande m'
la a! 24 Seyè a vivan. Se li menm ki mete m' chita sou
fotèy David, papa m' lan. Li kenbe pwomès li, li mete m'
chèf. Lèfini, li di se pitit mwen ki pou chèf apre m'. Mwen
fè sèman nan non Seyè a, se pou Adonija mouri jòdi a
menm. 25 Se konsa Salomon bay Benaja, pitit gason
Jeojada a, lòd pou l' al touye Adonija. Benaja ale, li touye
Adonija. 26 Apre sa, wa a pale ak Abyata, prèt la, li di l'
konsa. -Ale fè wout ou Anatòt, lakay ou. Ou merite lanmò
tou. Men, jòdi a mwen p'ap fè yo touye ou, paske se ou ki
te pote Bwat Kontra Seyè a devan David, papa m'. Lèfini,
ou te soufri ansanm avè l'. 27 Salomon revoke Abyata, li
enpoze l' sèvi tankou prèt Seyè a. Se konsa, sa Seyè a te
di lavil Silo sou Eli, prèt la, ak sou pitit li yo, rive vre. 28
Lè Joab vin konnen sa ki te rive, li kouri al kache nan

Tant Randevou a. Li kenbe kòn lotèl la pou yo pa touye l'.
Joab te pran pozisyon pou Adonija, men li pa t' janm pran
pozisyon pou Absalon. 29 Y' al di Salomon men Joab
kouri al kache nan Tant Randevou a, li kanpe bò lotèl la.
Salomon voye Benaja, pitit Jeojada a, pou touye Joab.
30 Benaja ale nan Tant Randevou a, li di Joab konsa: -
Wa a bay lòd pou ou soti la a. Joab reponn: -Non. Se isit
la m'ap mouri. Benaja tounen al jwenn wa a, li rapòte l'
repons Joab te ba li a. 31 Wa a reponn: -Fè jan li di ou la.
Touye l', lèfini, antere l'. Konsa ni mwen, ni pyès lòt moun
nan fanmi papa m' p'ap reskonsab pou sa Joab te fè lè li
te touye de inonsan yo. 32 Seyè a pral pini Joab pou krim
sa yo li te fè san David, papa m', pa t' konnen. Joab te
touye de moun inonsan ki te pi bon pase l': Abnè, pitit pitit
gason Nè a, kòmandan lame peyi Izrayèl la ak Amasa,
pitit gason Jetè a, kòmandan lame peyi Jida a. 33 Wi,
chatiman krim sa yo va tonbe sou Joab ak sou pitit li yo
pou tout tan. Men, Seyè a ap toujou bay David ak pitit li
yo, fanmi li ak tout wa ki va vin apre l' yo kè poze. 34
Se konsa, Benaja tounen nan Tant Randevou a, li touye
Joab. Yo antere Joab lakay li nan dezè a. 35 Apre sa, wa
a mete Benaja kòmandan lame a nan plas Joab, li mete
Zadòk, prèt la, nan plas Abyata. 36 Apre sa, wa a voye
chache Chimeyi, li di l' konsa: -Bati yon kay pou ou isit
nan lavil Jerizalèm. Se la mwen vle ou rete. Piga ou janm
kite lavil la. 37 Mwen tou pale ou, jou ou soti kite lavil la,
jou ou janbe lòt bò ravin Sedwon an, w'ap mouri wi. Mwen
ki di ou sa. Se ou menm ki va reskonsab nenpòt sa ki va
rive ou. 38 Chimeyi reponn: -Dakò, monwa. m'a fè sa ou
di a. Se konsa Chimeyi rete lontan lavil Jerizalèm. 39
Twazan apre sa, de nan esklav Chimeyi yo sove, y' al
lakay Akich, pitit gason Maka a, ki te wa lavil Gat. Yo vin
di Chimeyi esklav li yo te lavil Gat. 40 Chimeyi leve, li sele
bourik li, l' al chache esklav li yo lakay Akich lavil Gat.
Apre sa, li tounen lakay li ansanm ak esklav li yo. 41 Yo fè
Salomon konnen Chimeyi te soti lavil Jerizalèm ale lavil
Gat epi li tounen. 42 Wa a voye chache Chimeyi, li di l'
konsa: -Mwen te kwè m' te fè ou pwomèt devan Seyè a
pou ou pa janm kite lavil Jerizalèm? Mwen te tou pale ou.
Jou w'a soti lavil Jerizalèm pou ale nenpòt ki kote, w'ap
mouri. Eske ou pa t' reponn mwen ou te dakò avè m', ou
t'ap fè tou sa mwen mande ou la? 43 Poukisa atò ou
pa kenbe pwomès ou te fè devan Seyè a? Poukisa ou
dezobeyi m'? 44 Ou konnen byen pwòp tou sa ou te fè
David, papa m'. Seyè a pral pini ou pou sa. 45 Men, l'ap
beni m', mwen menm Salomon. L'ap fè gouvènman fanmi
David la chita pou tout tan. 46 Apre sa, wa a pase Benaja,
pitit Jeyoada a, lòd. Benaja soti, l' al touye Chimeyi. Se
konsa Chimeyi mouri. Depi lè sa a, Salomon te gen tout
pouvwa a nan men l'.

3 Salomon antre nan fanmi farawon an, wa peyi Lejip. Li
marye ak pitit fi farawon an. Li mennen l' rete nan lavil
David la jouk li fin bati palè li a, Tanp Bondye a ak gwo
miray ranpa ki fè wonn lavil Jerizalèm yo. 2 Yo pa t' ankò
bati yon kay pou Seyè a. Se sa ki fè pèp la t'ap touye bèt
yo te ofri pou lòt bondye divès kote sou mòn yo toujou. 3
Salomon li menm te renmen Seyè a, li te mache dapre lòd
David, papa l', te ba li. Men li menm tou, li te touye bèt
pou lòt bondye, li te ofri yo lansan sou divès lotèl sou
mòn yo. 4 Salomon te konn al lavil Gabawon pou touye
bèt pou Bondye, paske se la ki te gen pi gwo lotèl la.
Li te deja ofri mil bèt pou yo te boule nèt sou lotèl la. 5
Yon jou lannwit, Seyè a parèt devan Salomon nan dòmi
lavil Gabawon, li di l' konsa: -Kisa ou ta vle m' ba ou? 6
Salomon reponn: -Ou te toujou fè wè jan ou te renmen
papa m', David, sèvitè ou la, anpil. Li menm, li te mache
dwat devan ou, li pa t' janm vire do ba ou, li te sèvi ou ak
tout kè li. Ou pa t' janm sispann fè l' wè jan ou te renmen
li. Ou ba li yon pitit gason k'ap gouvènen nan plas li jòdi a.
7 Seyè, Bondye mwen, koulye a atout mwen jenn toujou,
atout mwen pankò gen esperyans pou m' gouvènen, ou
pran m', ou mete m' wa a nan plas David, defen papa m'.
8 Men mwen alatèt pèp ou chwazi pou rele ou pa ou la,
yon pèp ki sitèlman anpil nou pa ka konte konbe moun
ki ladan l'. 9 Tanpri, ban mwen lespri veyatif pou m' ka
gouvènen pèp ou a san patipri, pou m' konn sa ki byen ak
sa ki mal. Si se pa sa, ki jan m'a fè pou m' gouvènen
pèp ou a ak tout moun sa yo ki ladan l'? 10 Seyè a te
kontan wè se sa Salomon te mande l'. 11 Li di l' konsa: -
Monchè, ou pa mande m' pou ou viv lontan, ou pa mande
m' richès, ni ou pa mande m' lanmò pou lènmi ou yo, men
ou mande m' yon lespri veyatif pou ou ka gouvènen san
patipri. 12 M'ap ba ou sa ou mande a, m'ap ba ou plis
konesans ak plis bon konprann pase tout moun, pase ni
sa ki te la anvan ou yo, ni sa k'ap vin apre ou. 13 Lèfini,
m'ap ba ou sa ou pa t' mande tou. M'ap ba ou anpil richès
ak anpil pouvwa. Konsa, p'ap gen ankenn lòt wa tankou
ou pandan tout rès tan ou gen pou viv la. 14 Si ou fè
volonte m', si ou mache dapre lòd ak kòmandman m' yo,
tankou David, papa ou, te fè l' la, m'ap fè ou viv lontan. 15
Lè Salomon leve, li vin konprann Bondye te pale avè l'
nan rèv. Li tounen lavil Jerizalèm, l' ale devan Bwat Kontra
Seyè a, li ofri bèt pou yo boule nèt, bèt pou yo touye pou
di Seyè a mèsi. Apre sa, li bay yon gwo fèt pou tout moun
k'ap travay nan gouvènman l' lan. 16 Yon jou, de fanm, de
jennès, vin prezante devan wa Salomon. 17 Yonn ladan
yo pran lapawòl, li di: -Monwa, madanm sa a avè m' nou
rete nan menm kay. Mwen fè yon pitit gason nan kay la
devan li. 18 De jou apre pitit mwen an fèt, li menm tou li
akouche, li fè yon pitit gason tou. Nou de ase ki te nan
kay, pa t' gen lòt moun la ankò. 19 Pandan lannwit, antan
l'ap dòmi li woule sou pitit pa l' la, li toufe l'. 20 Li leve nan
mitan lannwit lan, antan m'ap dòmi, li pran ti pitit mwen an
ki te bò kote m', li mete l' nan kabann pa l'. Li pran ti pitit
pa l' la, li mete l' tou mouri a nan kabann pa m'. 21 Nan
maten lè m' leve pou m' bay ti pitit mwen an tete, mwen
jwenn li mouri. Men, lè m' gade byen gade, mwen wè se
pa t' pitit mwen an sa. 22 Men lòt fanm lan di: -Non, se pa
vre. Se pitit pa m' lan ki vivan. Se pa ou la ki mouri. Lè sa
a, premye fanm lan reponn: -Non se pa vre. Se pitit pa m'

lan ki vivan. Se pa ou la ki mouri. Se konsa yo t'ap fè kont
devan wa a. 23 Lè sa a, wa a pran lapawòl, li di: -Sa a di
se pitit li a ki vivan, ti pitit mouri a se pou lòt la. Lòt la
menm di non, se pitit pa li a ki vivan, ti pitit mouri a se
pou sa a. 24 Wa a voye chache yon nepe. Lè yo pote
nepe a li di konsa: 25 -Koupe ti pitit vivan an mwatye
mwatye, bay chak fanm yon moso. 26 Men manman ti
pitit vivan an santi zantray li ap rache pou pitit li a. Li di wa
a: -Tanpri, monwa, pa touye ti pitit la. Pito ou bay madanm
sa a li. Men lòt madanm lan menm di: -Ou mèt koupe l'! Li
p'ap ni pou ou, ni pou mwen. 27 Lè sa a Salomon di: -
Pa touye pitit la. Renmèt li bay premye fanm lan. Se li
menm ki manman ti pitit ki vivan an. 28 Lè pèp Izrayèl
la tande jan Salomon te regle kont lan, yo vin gen anpil
respè pou li, paske yo te wè se Bondye menm ki te ba li
bon konprann sa a pou regle tout bagay san patipri.

4 Salomon te wa sou tout pèp Izrayèl la nèt. 2 Men non
chèf ki te nan gouvènman li an: Azarya, pitit Zadòk,
te prèt la. 3 Elikorèf ak Akija, pitit gason Chicha yo, te
sekretè palè a. Jozafa, pitit Ayiloud, te reskonsab achiv wa
a. 4 Benaja, pitit gason Jeojada, te kòmandan tout lame
a. Zadòk ak Abyata te prèt. 5 Azarya, pitit gason Natan,
te chèf tout gouvènè yo. Zaboud, pitit gason Natan, prèt
la, te konseye pèsonèl wa a. 6 Ayicha te chèf kanbiz palè
a. Adoniram, pitit gason Abda, te reskonsab travay kòve
yo. 7 Salomon te chwazi douz gouvènè pou tout peyi a.
Travay yo se te ranmase manje nan zòn sou reskonsablite
yo pou wa a ak tout moun lakay li yo, yo chak pandan yon
mwa nan lanne a. 8 Men non douz gouvènè yo ak zòn
sou reskonsablite yo chak: Bennour, pou zòn mòn Efrayim
yo, 9 Benndeke, pou zòn lavil Makaz, lavil Chalbim, lavil
Bèt-Chemèch, lavil Elon ak lavil Bèt anan. 10 Bennesèd,
pou zòn lavil Awoubòt, lavil Soko ak tout peyi Efè a. 11
Bennabinadab, ki te marye ak Tafat, pitit fi Salomon an,
pou tout zòn Dò a. 12 Bana, pitit gason Akiloud, pou
zòn lavil Tanak, lavil Megido, pou tout zòn bò lavil Bèt-
Chean toupre lavil Zaretan, sou bò sid lavil Jizreyèl la
rive lavil Abèl Meola ak lavil Jokmeyam. 13 Benngebè,
pou lavil Ramòt nan peyi Galarad, ak tout ti bouk nan
peyi Galarad la ki pou branch fanmi Jayi, pitit Manase, ak
tout zòn Agòb nan peyi Bazan. Antou swasant gwo lavil
fèmen dèyè gwo miray ranpa ak gwo pòtay bare ak poto
kwiv. 14 Akinadad, pitit gason Ido, pou zòn Manayim. 15
Akimaz, ki te marye ak Basmat, yonn nan pitit Salomon
yo, pou zòn Neftali a. 16 Bana, pitit gason Ouchayi, pou
zòn Asè a ak lavil Bealòt. 17 Jozafa, pitit gason Pawouk,
pou zòn Isaka a. 18 Chimeyi, pitit gason Ela, pou zòn
Benjamen an. 19 Gebè, pitit gason Ouri, pou zòn Galarad,
ansyen peyi Siyon, wa moun Amon yo ak Og, wa peyi
Bazan an. Te gen yon gouvènè jeneral tou pou tout peyi
a. 20 Pèp Izrayèl la ak pèp Jida a te anpil, yo te tankou
grenn sab bò lanmè. Yo t'ap manje, yo t'ap bwè, kè yo te
kontan. 21 Salomon te rive gouvènen tout nasyon nan
zòn ki pran depi larivyè Lefrat rive nan peyi Filisti a ak
fwontyè Lejip la. Yo tout te peye Salomon taks, yo tout
te soumèt devan li pandan tout rèy li jouk li mouri. 22
Men pwovizyon Salomon te bezwen chak jou: sansenkant
(150) barik kè ble, twasan (300) barik farin frans, 23 dis
bèf angrese nan pak, ven bèf angrese nan savann, san
mouton, san konte bèt mawon, mal ak fenmèl, ak bèt
volay byen gra. 24 Salomon te rive chèf sou tout peyi ki
sou bò solèy kouche larivyè Lefrat la depi lavil Tifsak bò
larivyè Lefrat la jouk lavil Gaza nan direksyon lwès. Tout ti
wa ki t'ap gouvènen sou bò solèy kouche larivyè Lefrat la
te soumèt devan li. Salomon menm pa t' ni nan goumen
ni nan kont ak ankenn peyi nan vwazinaj li. 25 Pandan
tout rèy Salomon jouk li mouri, moun peyi Izrayèl yo ak
moun peyi Jida yo t'ap viv ak kè poze, san danje ni malè,
chak fanmi nan lakou yo ak ti jaden rezen yo anba pye
fig frans yo. 26 Salomon te gen katmil (4.000) pak pou
chwal cha lagè yo, ak douzmil (12.000) chwal pou sòlda.
27 Douz gouvènè yo te gen pou ranmase pwovizyon wa
Salomon te bezwen pou li menm ak pou moun k'ap manje
nan palè a, yo chak pandan yon mwa nan lanne a. Yo pa
janm kite anyen manke. 28 Gouvènè yo te gen pou bay
lòj ak zèb tout kote yo bezwen pou chwal cha lagè yo ak
lòt bèt chay. 29 Bondye te bay Salomon anpil lespri, anpil
bon konprann ak yon konesans nou pa ka mezire. 30
Salomon te gen plis bon konprann pase tout moun ki gen
bon konprann nan peyi bò solèy leve yo, osinon pase tout
moun ki gen bon konprann nan peyi Lejip. 31 Li te gen
plis bon konprann pase tout moun, pase Etan, moun lavil
Ezrak, pase Eman, Kalkòl ak Dada, pitit gason Makòl yo.
Nan tout peyi ki toupre peyi Izrayèl la yo t'ap nonmen non
Salomon. 32 Li te ekri twamil (3.000) pwovèb ak mil senk
(1.005) chante pou pi piti. 33 Li fè bèl pawoli sou pyebwa
ak tout kalite plant, depi pye sèd peyi Liban yo jouk lyann
izòp ki pouse sou miray. Li pale tou sou bèt kat pat, sou
zwazo, sou bèt ki trennen sou vant ak sou pwason. 34
Moun te soti toupatou pou vin tande Salomon ap pale. Ata
wa tout lòt peyi latè yo te pran nouvèl jan li te gen anpil
bon konprann. Yo menm tou yo te voye moun vin tande l'.

5 Iram, wa peyi Tir, te toujou yon bon zanmi wa David.
Lè li vin konnen se Salomon ki te vin moute wa nan
plas David, papa l', li voye kèk chèf bò kote l'. 2 Salomon
ba yo mesaj sa a pou yo pote bay Iram: 3 -Ou konnen ak
lagè David, papa m', te genyen ak peyi ki toupre l' yo, li pa
t' kapab bati yon kay kote pou yo adore Seyè a, Bondye li
a, toutotan Seyè a pa t' fè l' kraze lènmi l' yo anba pye l'.
4 Men koulye a, Seyè a, Bondye mwen an, ban m' lapè
sou tout fwontyè yo. Mwen pa gen moun pou chache m'
kont, ni moun pou fè m' move kou. 5 Seyè a te fè David,
papa m', pwomès sa a: Se pitit gason ou m'ap mete wa
nan plas ou a k'ap bati yon kay pou mwen. Enben, koulye
a, mwen fè lide bati yon kay pou Seyè a, Bondye mwen
an. 6 Ou menm, ou pral bay lòd pou yo koupe kèk pye
sèd pou mwen nan peyi Liban. Moun pa m' yo va travay
ansanm ak moun pa ou yo. m'a peye mesye ou yo jan wa
vle l' la. Ou konnen pa gen moun nan peyi m' ki ka koupe

bwa tankou moun Sidon yo. 7 Lè Iram resevwa mesaj
Salomon an, sa te fè l' plezi anpil. Li di: -Lwanj jòdi a pou
Seyè a ki bay David yon pitit gason ak bon konprann
konsa pou gouvènen sou gwo pèp sa a! 8 Apre sa, Iram
voye di Salomon: -Mwen resevwa mesaj ou a. M'ap fè tou
sa ou mande m' fè pou bwa sèd ak bwa pichpen yo. 9
Moun pa m' yo va pote madriye yo desann soti peyi Liban
jouk bò lanmè. Lè y'a rive la, m'a fè yo mare madriye yo fè
rado, y'a pouse yo sou lanmè a rive jouk kote w'a chwazi
sou kòt la. Rive la, moun pa m' yo va demare madriye yo.
Lè sa a, w'a fè moun pa ou yo fè rès travay la. Ou menm,
w'a ban m' pwovizyon pou moun pa m' yo. 10 Se konsa
Iram bay Salomon tout madriye sèd ak madriye pichpen li
te bezwen. 11 Salomon menm, bò pa l', bay Iram sanmil
(100.000) barik ble ak sandimil (110.000) galon lwil oliv
chak lanne pou l' bay moun li yo manje. 12 Seyè a kenbe
pwomès li. Li bay Salomon anpil bon konprann. Te gen
bon antann ant Iram ak Salomon. Yo siyen yon kontra
yonn ak lòt. 13 wa Salomon fè ranmase trantmil (30.000)
moun nan tout peyi Izrayèl la pou fè kòve. 14 Li te mete
Adoniram reskonsab kòve a. Li separe mesye yo fè twa
gwoup, ak dimil (10.000) moun nan chak. Chak gwoup
pase yon mwa nan peyi Liban, de mwa lakay yo. Chak
fwa yon gwoup tounen, yon lòt al pran plas li. 15 Salomon
te gen katrevenmil (80.000) moun ap taye wòch nan min
wòch, ak swasanndimil (70.000) moun pou pote yo lavil
Jerizalèm, 16 san konte twamil twasan (3.300) fòmann
gouvènè yo te nonmen alatèt mesye sa yo pou kontwole
travay yo. 17 Wa Salomon te bay lòd pou yo taye kèk
gwo blòk nan bèl wòch pou sèvi fondasyon kay la. 18 Se
konsa bòs mason Salomon yo ak bòs mason Iram yo
ansanm ak mesye lavil Gebal yo te pare blòk wòch ak
bwa pou bati Tanp lan.

6 Lè sa a te gen katsankatreven (480) lanne depi pèp
Izrayèl la te soti kite peyi Lejip, Salomon te gen katran
depi li t'ap gouvènen pèp Izrayèl la. Nan mwa Ziv la, ki
dezyèm mwa nan kalandriye jwif yo, Salomon mete men
nan bati kay Seyè a. 2 Kay wa Salomon bati pou Seyè a
te gen katrevendis pye longè, trant pye lajè ak karantsenk
pye wotè. 3 Premye pyès devan an te gen kenz pye
longè, trant pye lajè. Li te menm lajè ak kay la. 4 Miray
tanp lan te gen fennèt ak griyaj bare yo. 5 Kole kole ak
miray yo, sou de sou kote yo ak sou dèyè Tanp lan ak
pyès dèyè a, li fè bati twa ran pyès, yonn sou lòt. Chak
etaj te gen sèt pye edmi wotè. 6 Chak pyès nan dènye
etaj anba a te gen sèt pye edmi lajè. Pyès nan etaj mitan
an te gen nèf pye lajè ak pyès nan etaj anwo nèt la te gen
dis pye edmi. Miray tanp lan menm te pi laj anba pase
anwo. Konsa, gwo travès plafon yo te chita sou miray yo
san yo pa t' bezwen fouye twou ladan yo. 7 Wòch yo te
sèvi pou bati Tanp lan te pare depi nan min wòch kote yo
te jwenn yo a. Konsa, pandan yo t'ap bati Tanp lan pa t'
gen ankenn bri mato, bri sizo, ni bri ankenn zouti fè. 8 Pòt
pou antre nan premye chanm anba yo te bay sou bò sid
Tanp lan. Te gen eskalye pou moute nan premye ak nan
dezyèm etaj yo. 9 Lè Salomon fin bati Tanp lan, li mete
yon plafon fèt ak travès ak planch sèd. 10 Li bati pyès
chanm yo tout arebò tanp lan. Chak etaj te gen sèt pye
edmi wotè. Yo te kole kole ak miray kay la. Yo te mare
sou miray la ak travès sèd. 11 Seyè a pale ak Salomon,
li di l' konsa: 12 -Lè w'a fin bati tanp lan, si ou mache
dapre lòd mwen, si ou fè sa m' di ou fè, si ou kenbe tout
kòmandman mwen yo, m'a fè pou ou tou sa mwen te
pwomèt David, papa ou. 13 M'ap rete nan mitan peyi
Izrayèl la, mwen p'ap janm lage yo. 14 Se konsa Salomon
fin bati Tanp lan. 15 Tout miray yo te plake sou anndan ak
planch sèd depi planche a rive nan plafon an. Planche a
te fèt ak bwa pichpen. 16 Li bati sou dèyè tanp lan yon
gwo pyès li rele Pyès ki apa nèt pou Seyè a. Pyès la te
gen trant pye longè. Panno pyès la fèt ak planch sèd ki
soti depi atè rive nan plafon an. 17 Pati tanp lan ki te
devan pyès ki apa nèt pou Seyè a te gen swasant pye
longè. 18 Sou anndan, tout miray tanp lan te kouvri ak
planch sèd, ou pa t' ka wè yon wòch. Planch sèd yo te
travay ak desen flè ak ti kalbas sou tout kò yo. 19 Anndan
Tanp lan, sou dèyè, li bati yon pyès apa pou Seyè a. Se la
yo te mete Bwat Kontra Seyè a. 20 Pyès la te gen trant
pye longè, trant pye lajè ak trant pye wotè. Li te kouvri nèt
ak lò. Sou devan pyès la yo bati yon lotèl ak bwa sèd,
lèfini yo te kouvri li nèt ak lò. 21 Tout miray anndan tanp
lan te kouvri ak lò. Pyès apa nèt pou Seyè a te kouvri ak
lò tou. Yo fè chenn lò pou fèmen pòt pyès ki apa pou Seyè
a. 22 Konsa, tout anndan Tanp lan nèt ansanm ak lotèl ki
te devan pyès ki apa pou Seyè a te kouvri nèt ak lò. 23
Apre sa, li fè fè de estati zanj cheriben yo an bwa oliv pou
pyès ki apa nèt pou Seyè a. Chak estati te gen kenz pye
wotè. 24 Chak zèl te mezire sèt pye edmi longè. Konsa,
depi pwent yon zèl rive nan pwent lòt zèl la te gen kenz
pye. 25 Tou de estati yo te gen menm fòm, menm gwosè.
26 Tou de te menm wotè, yo te gen kenz pye wotè. 27
Salomon fè mete de estati yo anndan pyès ki apa pou
Seyè a, kòtakòt, ak zèl yo louvri pou pwent zèl anndan yo
touche yonn ak lòt nan mitan pyès la, de pwent zèl deyò
yo touche ak de miray sou kote yo. 28 De estati ak zèl yo
te kouvri nèt ak lò. 29 Sou tout miray anndan tanp lan te
gen pòtre zanj cheriben, pòtre pye palmis ak pòtre flè yo
te travay nan bwa a. 30 Menm planche a te kouvri ak lò
anndan kou deyò. 31 Salomon fè mete yon pòt de batan
fèt ak bwa oliv pou fèmen pyès apa pou Seyè a. Lento pòt
la ak de montan yo te pran yon senkyèm nan ouvèti pòt
la. 32 Batan pòt yo te dekore ak pòtre zanj cheriben, pye
palmis ak flè yo te travay nan bwa a. Tout pòt la ansanm
ak pòtre yo te kouvri nèt ak lò. 33 Pòt pyès mitan Tanp
lan te gen yon ankadreman fèt ak bwa oliv ki te pran yon
ka nan ouvèti pòt la. 34 Pòt la menm te fèt an pichpen. Li
te gen kat batan, de batan chak bò ki ka fèmen yonn sou
lòt. 35 Batan pòt yo te dekore ak pòtre zanj cheriben, pye
palmis ak flè yo te travay sou bwa a. Tout pòt la ansanm
ak pòtre yo te kouvri nèt ak lò. 36 Li fè bati yon lakou
fèmen devan Tanp lan. Miray lakou a te fèt ak yon ranje

madriye sèd pou chak twa ranje wòch yonn sou lòt. **37** Se
nan katriyèm lanne rèy Salomon, nan mwa Ziv la, yo te
mete men nan fondasyon kay Seyè a. **38** Tanp lan te fin
bati ak tout ti detay li yo, jan yo te fè plan an, nan onzyèm
lanne rèy Salomon nan wityèm mwa kalandriye jwif yo, ki
rele Boul. Salomon te pran sètan pou l' bati Tanp lan.

7 Salomon te bati yon palè pou li menm tou. Li pran
trèzan pou l' fini l'. **2** Li bati yon kay yo rele Rakbwa
peyi Liban an. Li te gen sansenkant (150) pye longè,
swasannkenz pye lajè ak karannsenk pye wotè. Li te gen
kat ranje gwo poto bwa sèd. Chak ranje te gen kenz poto
ak gwo travès sèd chita sou tèt poto yo. **3** Plafon an te fèt
an planch sèd. Li te kloure sou karannsenk travès ki te
chita sou tèt poto yo. **4** Nan de miray sou kote yo, te gen
twa ranje fennèt. Fennèt yo te bay yonn sou lòt. **5** Pòt yo
ak fennèt yo te kare kare. Te gen twa ranje fennèt sou
chak bò, yonn an fas lòt. **6** Li bati yon lòt gwo pyès yo
rele Chanm Poto yo. Li te gen swasannkenz pye longè,
karannsenk pye lajè. Te gen yon lòt ti pyès sou devan l'
avèk gwo poto ak dòmant. **7** Yo bati yon lòt kay yo rele
Chanm Fotèy la ou ankò Salon Jijman an. Se la Salomon
te konn rann jijman. Miray yo te kouvri ak bwa sèd depi
anba rive nan plafon an. **8** Kay kote Salomon te rete a te
nan yon lòt lakou dèyè Salon Jijman an. Li te bati tankou
lòt kay yo. Salomon bati yon lòt kay menm jan an tou pou
madanm li, pitit fi wa peyi Lejip la. **9** Tout kay sa yo te bati
ak bèl wòch taye, depi nan fondasyon yo jouk anba twati
yo. Wòch yo te pare depi nan min wòch la. Yo te taye sou
mezi. Fasad anndan ak fasad deyò wòch yo te taye ak si.
10 Fondasyon yo te fèt ak gwo wòch yo te taye nan min
wòch la. Genyen ladan yo ki te gen douz pye longè. **11**
Anwo fondasyon an te gen menm kalite wòch taye sou
mezi ak madriye sèd. **12** Gwo lakou palè a te fèmen ak
yon miray fèt ak twa ranje wòch pou chak ranje madriye
sèd, tankou lakou anndan ak lakou devan Tanp lan. **13**
Wa Salomon voye chache yon bòs ki te rele Iram tou. Se
te yon moun lavil Tir. **14** Papa Iram te moun lavil Tir tou.
Se te yon bòs fò nan travay kwiv. Manman li te moun nan
branch fanmi Neftali a. Se te yon vèv. Iram te yon moun ki
te gen anpil ladrès, anpil konesans ak bon konprann pou
fè tout kalite bagay an kwiv. Se konsa li te vin kay wa a, li
fè tout travay li yo. **15** Iram koule de gwo poto kwiv won
yo. Yo chak te gen vennsèt pye wotè. Wonn poto yo te
mezire dizwit pye. Li mete yo kanpe devan Tanp lan. **16**
Apre sa, li fè fè blòk kwiv tou pou ale sou tèt poto yo. Yo
chak te mezire sèt pye edmi wotè. **17** Li dekore wonn tèt
poto yo ak desen ti chenn makònen yonn ak lòt. Te gen
sèt desen konsa pou chak tèt poto. **18** Li mete de ranje
grenad an kwiv anwo ak anba desen ti chenn lan sou
tout wonn chak tèt poto yo. **19** Tèt poto ki nan gwo lakou
devan an te gen fòm yon flè choublak. Yo chak te gen sis
pye wotè. **20** Sou rebò anwo chak tèt poto yo, te gen yon
vant resoti ki te anwo desen ti chenn yo, ak desan pòtre
grenad sou de ranje ki te fè wonn chak poto yo. **21** Iram
mete poto yo kanpe devan pòt antre Tanp lan, yonn sou
bò dwat, yonn sou bò gòch. Li rele sa ki sou bò dwat la
Jaken, sa ki sou bò gòch la Boaz. **22** Sou tèt chak poto te
gen yon blòk an fòm yon flè. Se konsa Iram fini ak travay
poto yo. **23** Apre sa, Iram fè yon gwo basen an kwiv tou
won. Li te mezire kenz pye lajè anndan anndan ak sèt
pye edmi fondè. Wonn li te mezire karannsenk pye. **24**
Sou tout wonn basen lan, sou deyò, te gen de ranje ti
kalbas an kwiv, ti kras anba rebò a. Te gen dis kalbas pou
chak pye edmi longè. Yo te fè yon sèl kò ak basen lan, yo
te koule yo ansanm lè yo t'ap fè basen lan. **25** Basen lan
te chita sou do douz towo bèf an kwiv. Fas towo yo tout
bay sou deyò: fas twa bay sou solèy leve, fas twa bay sou
bò nò, fas twa bay sou solèy kouche, ak fas twa bay sou
bò sid. Dèyè yo te anba basen lan. **26** Rebò basen lan te
gen twa pous epesè. Rebò a te tankou rebò yon tas, li
fè yon ti vire sou deyò tankou yon flè. Basen lan te ka
kenbe dimil galon konsa. **27** Iram te fè tou dis kabwa an
kwiv. Yo chak te gen sis pye longè, sis pye lajè ak kat pye
edmi wotè. **28** Yo te fèt an ti panno kare kare ki te moute
nan yon ankadreman. **29** Sou chak ti panno yo, te gen
pòtre lyon, pòtre towo ak pòtre zanj cheriben. Sou rebò
yo, anwo ak anba lyon yo ak towo yo, te gen yon ranje flè
resoti. **30** Chak kabwa te gen kat wou an kwiv ak lesye an
kwiv tou. Nan kat kwen yo te gen yon zepòlman, antou
kat pou kenbe basen lan anplas. Zepòlman yo te dekore
ak yon ranje flè chak bò. **31** Anwo chak kabwa te gen yon
ankadreman tou won pou basen yo. Ankadreman an te
gen dizwit pous lajè anndan anndan. Li te gen desen sou
tout kò l'. Pati anwo kabwa a te kare, li pa t' won. **32** Wou
yo te gen vennsenk pous wotè. Yo te anba panno yo.
Lesye wou yo te fè yon sèl pyès ak rès kabwa a. **33** Wou
yo te tankou wou cha lagè. Pen yo, jant yo, reyon yo,
lesye yo, tout te fèt an kwiv. **34** Kat zepòlman ki te nan
kwen anba chak kabwa yo te fè yon sèl pyès ak chasi
kabwa a. **35** Pati plat anwo kabwa a te dekore ak yon
wonn nèf pous wotè ki te fè rebò ouvèti a. Zepòlman ki te
nan kwen anwo yo ak panno yo te fè yon sèl pyès ak
kabwa a. **36** Yo te dekore panno yo ak zepòlman yo ak
pòtre zanj cheriben, pòtre lyon ak pòtre pye palmis, tout
kote yo te jwenn yon ti espas, ak flè sou tout wonn lan. **37**
Se konsa Iram te fè dis kabwa yo. Yo tout te fèt menm
jan, menm fòm, menm gwosè. **38** Iram te fè dis basen
tou, yonn pou chak kabwa. Chak basen te mezire sis pye
lajè. Yo chak te kenbe desan galon konsa. **39** Li mete
senk kabwa sou bò sid Tanp lan, lòt senk yo sou bò nò.
Gwo basen kwiv la menm, li mete l' sou bò dwat Tanp lan
nan kwen sidès la. **40** Iram te fè plato pou sann, pèl ak
kivèt. Se konsa li te fin fè tout travay Salomon te mande l'
fè pou Tanp Seyè a. **41** Men sa li te fè: de gwo poto won
yo, de blòk yon ti jan pi gwo pou ale sou tèt poto yo, **42**
katsan pòtre grenad ki pou ale sou de ran nan desen ti
chenn ki fè wonn tèt poto yo, **43** dis kabwa yo, dis basen
ki pou ale sou kabwa yo, **44** yon gwo basen tou won pou
dlo, douz towo bèf pou soutni gwo basen lan, **45** plato
pou sann yo, pèl yo ak kivèt yo. Tou sa Iram te fè pou

Tanp Seyè a te fèt an kwiv poli, dapre lòd li te resevwa
nan men Salomon. 46 Wa a te fè fonn yo nan moul tè nan
fon larivyè Jouden an, ant lavil Soukòt ak lavil Zaretan. 47
Te sitèlman gen anpil bagay fèt an kwiv, Salomon pa t'
chache konnen pèz yo. 48 Salomon te fè fè tout mèb yo
te bezwen pou Tanp lan an lò: lotèl la, tab pou pen yo
mete apa pou Bondye a, 49 dis lanp sèt branch pou ranje
devan pyès yo mete apa nèt pou Seyè a, senk sou bò
dwat, senk sou bò gòch, flè yo, ti lanp yo ak pensèt pou
lanp sèt branch yo, 50 gode yo, kouto pou netwaye lanp
yo, bòl yo, plato pou lansan yo, plato pou pote chabon
dife tou limen yo, gon pou pòt pyès ki apa nèt pou Seyè
a, ak gon pou lòt pòt tanp lan menm. Tout bagay sa yo te
fèt ak bon lò. 51 Lè wa Salomon te fin fè tout travay pou
bati Tanp Seyè a, li fè yo pote tout ajan ak tout lò David,
papa l', te ofri bay Seyè a ansanm ak tout lòt bagay li
menm li te bay, li fè mete yo nan chanm trezò Tanp lan.

8 Apre sa, Salomon bay lòd pou tout gwo chèf pèp
Izrayèl yo ansanm ak tout chèf branch fanmi yo ak lòt
chèf fanmi pèp la vin jwenn li lavil Jerizalèm pou y' al pran
Bwat Kontra Seyè a nan lavil David la, lavil Siyon an, pou
yo pote l' nan Tanp lan. 2 Pandan Fèt Joupa yo nan mwa
Etanim lan, setyèm mwa nan kalandriye jwif yo, tout pèp
Izrayèl la reyini ansanm ak wa Salomon. 3 Lè tout chèf
fanmi pèp Izrayèl yo reyini, prèt yo pran Bwat Kontra a, 4
yo pote l' nan Tanp lan ansanm ak Tant Randevou Seyè a
ak tout bagay ki te apa pou Seyè a nan Tant Randevou
a. Se prèt yo ak moun Levi yo ki te pote yo moute. 5
Wa Salomon ansanm ak tout pèp Izrayèl la sanble devan
Bwat Kontra a, yo touye bèf, kabrit ak mouton an kantite
pou Bondye. Moun pa t' ka konte konbe bèt yo te touye
jou sa a sitèlman yo te anpil. 6 Lè yo fini, prèt yo pote
Bwat Kontra a nan pyès ki apa nèt pou Seyè a, yo mete l'
nan mitan de pòtre zanj cheriben yo. 7 Zèl cheriben yo te
louvri, yo te kouvri tout kote Bwat Kontra a ye a ansanm
ak poto ki sèvi pou pote l' yo. 8 Si yon moun kanpe sou
devan pyès ki apa pou Seyè a, yo ka wè pwent poto yo
tèlman yo te long. Men, ou pa ka wè yo lòt kote ankò.
Jouk koulye a poto yo la toujou. 9 Nan Bwat Kontra a pa
t' gen pase de moso wòch plat Moyiz te mete ladan l' yo
depi sou Mòn Orèb la. Se sou de wòch sa yo Seyè a te
make kontra li te pase avèk moun pèp Izrayèl yo lè yo
t'ap soti kite peyi Lejip. 10 Lè prèt yo fè sa y'ap soti nan
pyès apa pou Seyè a, nwaj la plen Tanp Seyè a nèt. 11
Poutèt nwaj la prèt yo pa t' ka rete fè sèvis yo, paske
limyè prezans Seyè a te plen Tanp lan nèt. 12 Lèfini,
Salomon di konsa: -Seyè, ou di ou pito viv kote ki fè nwa.
13 Koulye a, mwen bati yon tanp pou ou ka rete, yon
kay kote ou pral viv pou tout tan. 14 Lèfini, wa a vire, li
bay pèp Izrayèl la fas. Tout pèp la te kanpe. Li mande
benediksyon Bondye pou pèp la, li di konsa: 15 -Lwanj
pou Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la. Avèk fòs kouraj li, li
kenbe pwomès li te fè David, papa m', lè li te di l' konsa:
16 Depi jou mwen te fè pèp mwen an soti kite peyi Lejip,
mwen pa janm chwazi yon lavil nan tout peyi pèp Izrayèl
la kote pou yo bati yon tanp ladan l' pou mwen rete. Men,
mwen te chwazi David pou li gouvènen pèp mwen an,
pèp Izrayèl la. 17 David, papa m', te fè lide bati yon tanp
pou Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la. 18 Men, Seyè a te di
l': Ou byen fèt gen lide bati yon tanp pou mwen. 19 Men,
se pa ou ki va bati l'. Se pwòp pitit gason w'ap fè a ki
va bati Tanp lan pou mwen. 20 Koulye a, Seyè a kenbe
pwomès li. Jan li te di l' la, se mwen ki nan plas David,
papa m'. Mwen chita sou fotèy wa a Izrayèl la, mwen bati
yon tanp pou Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la. 21 Lèfini,
mwen fè yon plas ladan l' pou Bwat Kontra Seyè a ki gen
de moso wòch plat kote Seyè a te ekri kontra li te pase ak
zansèt nou yo lè li te fè yo soti kite peyi Lejip. 22 Apre sa,
Salomon al kanpe devan lotèl Seyè a, devan tout pèp
Izrayèl la, li leve de men l' anlè, li lapriyè Bondye, 23 li di:
-Seyè, ou menm ki Bondye pèp Izrayèl la, pa gen Bondye
tankou ou ni nan syèl ni sou latè. Ou kenbe kontra ou te
pase ak pèp ou a. Ou moutre jan ou renmen moun k'ap
sèvi ou ak tout kè yo. 24 Ou te kenbe pwomès ou te fè
David, papa m' lan. Tou sa ou te di, ou fè l' rive vre jòdi
a. 25 Se poutèt sa, Seyè, Bondye pèp Izrayèl la, m'ap
mande ou pou ou kenbe lòt pwomès ou te fè David, papa
m', sèvitè ou la, lè ou te di l' va toujou gen yonn nan
pitit pitit li yo pou gouvènen pèp Izrayèl la, depi yo veye
jan y'ap mache a pou yo mennen bak yo devan ou jan
li menm li te fè l' la. 26 Se konsa, Bondye pèp Izrayèl
la, tanpri, fè tout bagay rive jan ou te fè pwomès la bay
David, papa m', sèvitè ou la. 27 Men, Bondye, èske ou ka
rete tout bon sou latè? Ata syèl la pa laj ase pou l' kenbe
ou. Ale wè pou ti kay mwen bati pou ou la a! 28 Seyè,
Bondye m', tanpri, se sèvitè ou mwen ye. Tanpri, tande
jan m'ap lapriyè ou. Koute jan m'ap rele nan pye ou jòdi a.
29 Lajounen kou lannwit, voye je ou sou Tanp lan, Tanp
kote ou te di w'ap toujou la a. Koute lapriyè mwen menm,
sèvitè ou la, m'ap fè nan pye ou la a. 30 Wi, koute lapriyè
m'ap fè ak lapriyè pèp Izrayèl ou a ap fè nan pye ou isit la.
Nan syèl kote ou rete a, koute lapriyè nou, padonnen nou.
31 Lè yo pote plent pou yon moun ki fè frè l' yon bagay
mal, si yo mande l' pou l' fè sèman se pa vre, epi li vin fè
sèman an devan lotèl ou a, nan tanp sa a, 32 ou menm,
Seyè ki nan syèl la, w'a tande, w'a fè sa ki gen pou fèt la,
w'a jije sèvitè ou yo. W'a pini moun ki koupab la, w'a fè
chatiman li merite a tonbe sou tèt li. W'a fè rekonèt lè yon
moun inonsan pou yo ka rann li jistis. 33 Lè lènmi va bat
pèp Izrayèl la paske pèp la te peche kont ou, Bondye, si
yo tounen vin jwenn ou, si yo fè lwanj pou ou, si yo vin
lapriyè nan pye ou isit nan Tanp sa a, 34 tanpri, kote ou
ye nan syèl la, koute yo. Padonnen peche pèp Izrayèl ou
a, fè yo tounen nan peyi ou te bay zansèt yo a. 35 Lè va
gen chechrès nan peyi a san yon ti degout lapli paske pèp
la te peche kont ou, si yo règrèt sa yo te fè a paske ou te
pini yo, si yo vin lapriyè isit la, si yo rele non ou, 36 tanpri,
kote ou ye nan syèl la, koute yo. Padonnen peche wa a
ansanm ak peche pèp Izrayèl la. Moutre yo bon chemen
pou yo pran an. Apre sa, Seyè, w'a voye lapli sou peyi ou

te bay pèp ou a pou rele l' pa l' la. **37** Lè va gen grangou
nan peyi a, osinon lè move maladi lapès va tonbe sou
li, lè plant yo va cheche nan van cho, lè krikèt ak chwal
bondye va ravaje jaden yo, lè lènmi va sènen lavil nou yo
pou atake pèp la, lè nenpòt maladi osinon nenpòt malè va
tonbe sou pèp la, **38** koute lapriyè y'ap fè nan pye ou. Lè
nenpòt moun osinon tout pèp la va lapriyè nan pye ou, lè
y'a règrèt sa yo fè a, lè y'a leve men yo nan direksyon
Tanp lan pou yo lapriyè ou, **39** tanpri, koute lapriyè yo,
kote ou ye nan syèl kote ou rete a, padonnen yo, fè sa
ou gen pou fè a. Bay chak moun sa yo merite, paske
ou konnen sa ki nan kè yo chak. Se ou menm sèlman
ki konnen sa ki nan fon kè moun. **40** Wi, w'a bay chak
moun sa yo merite, konsa pèp ou a va gen krentif pou ou
pandan tout tan y'ap viv sou tè ou te bay zansèt nou yo.
41 Menm lè yon moun lòt nasyon ki pa fè pati pèp ou a
soti byen lwen vini isit la poutèt ou, **42** paske li tande jan
y'ap nonmen non ou, li tande pale tout bèl bagay w'ap
fè avèk fòs kouraj ou, si li vin lapriyè nan tanp sa a, **43**
tanpri, nan syèl kote ou rete a, koute lapriyè li. W'a fè pou
li tou sa li mande ou. Konsa tout pèp sou latè va konnen
ou. y'a gen krentif pou ou tankou pèp Izrayèl ou a gen
krentif pou ou. y'a konnen Tanp mwen bati pou ou a, se la
pou yo vin adore ou. **44** Lè pèp ou a va pati al goumen ak
lènmi l' yo, nenpòt ki bò w'a voye yo, lè y'a vire tèt yo nan
direksyon lavil ou chwazi a ak nan direksyon Tanp mwen
bati pou ou a pou yo lapriyè nan pye ou, **45** tanpri, nan
syèl kote ou rete a, koute lapriyè yo. Koute lapriyè y'ap fè
nan pye ou, defann kòz yo. **46** Lè pèp ou a va peche kont
ou, paske pa gen moun ki pa fè peche, lè w'a move sou
yo, w'a lage yo nan men lènmi yo ki va fè yo prizonye, ki
va depòte yo nan lòt peyi, li te mèt toupre, li te mèt byen
lwen, **47** antan yo la nan peyi kote lènmi yo te depòte yo
a, si yo règrèt sa yo te fè, si yo lapriyè nan pye ou, si yo
rekonèt yo te fè sa ki mal, si yo rekonèt yo te peche, si yo
rekonèt yo antò, **48** si yo tounen vin jwenn ou ak tout
kè yo ak tout nanm yo, antan yo nan peyi kote lènmi te
depòte yo a, si yo vire tèt yo nan direksyon peyi ou te
bay zansèt yo a, nan direksyon lavil ou te chwazi a, nan
direksyon Tanp mwen bati pou ou a pou yo lapriyè nan
pye ou, **49** tanpri, koute lapriyè y'ap fè nan pye ou, kote
ou ye nan syèl kote ou rete a. Koute lapriyè yo, defann
kòz yo. **50** Padonnen pèp ou a tout peche yo te fè kont
ou, tout vire do yo te vire do ba ou. W'a fè lènmi ki te
depòte yo gen pitye pou yo. **51** Paske, se pèp ki rele ou
pa ou la yo ye, pèp ou menm ou te fè soti kite peyi Lejip
ki te pou yo tankou yon gwo fou dife kote yo fonn fè. **52**
Seyè, Bondye, louvri je ou! Koute lapriyè mwen menm,
sèvitè ou, m'ap fè nan pye ou ansanm ak tout pèp Izrayèl
la, chak fwa n'ap rele pou mande ou sekou. **53** Se ou
menm ki te chwazi nou nan mitan tout lòt pèp sou latè pou
nou te ka rele ou pa ou, jan ou te di l' nan bouch Moyiz,
sèvitè ou la, lè ou te fè zansèt nou yo soti kite peyi Lejip.
54 Pandan Salomon t'ap fè lapriyè sa a nan pye Bondye, li
te ajenou devan lotèl la, de bra leve anlè. Lè li fini, li leve.
55 Li kanpe, li mande Bondye pou l' voye benediksyon
l' sou tout pèp Izrayèl la ki te sanble la a. Li pale byen
fò, li di: **56** -Lwanj pou Seyè a ki bay pèp Izrayèl la kè
poze, jan li te pwomèt la. Li kenbe tout bèl pwomès li te fè
nan bouch Moyiz, sèvitè l' la. **57** Koulye a, mwen mande
pou Seyè a, Bondye nou an, toujou kanpe la avèk nou
jan li te toujou kanpe la ak zansèt nou yo. Mwen mande
l' pou l' pa janm lage nou, pou l' pa janm bliye nou. **58**
Se pou li fè nou pa janm bliye l' pou nou ka toujou fè
volonte l' nan tout sa n'ap fè, pou nou kenbe lòd, prensip
ak kòmandman li te bay zansèt nou yo. **59** Se pou Seyè
a, Bondye nou an, pa janm bliye lapriyè sa yo mwen sot
fè nan pye l' la. Se pou l' toujou gen pitye pou pèp Izrayèl
la ansanm ak wa a, sèvitè li a, dapre sa y'a bezwen chak
jou. **60** Konsa, tout nasyon sou latè va konnen se Seyè a
sèl ki Bondye. Pa gen lòt! **61** Se pou nou toujou kenbe
pye Seyè a, Bondye nou an, fèm. Se pou nou mache
dapre lòd li ban nou, pou nou fè tou sa li mande nou fè
tankou jòdi a. **62** Apre sa, wa Salomon ansanm ak tout
pèp Izrayèl ki te la a ofri bèt pou touye pou Seyè a. **63**
Salomon te ofri venndemil (22.000) towo ak sanvenmil
(120.000) mouton pou mande Bondye padon. Se konsa
wa a ansanm ak tout moun pèp Izrayèl yo te mete Tanp
lan apa pou Seyè a. **64** Menm jou a, li mete mitan gwo
lakou ki devan Tanp Seyè a apa pou Bondye. Lèfini, se la
li ofri bèt pou boule nèt pou Seyè a, grenn jaden ak grès
bèt yo te touye pou mande Bondye padon, paske lotèl
kwiv ki devan Tanp lan te twò piti pou pran tout ofrann sa
yo. **65** Lè sa a, Salomon ansanm ak tout pèp Izrayèl la
fete Fèt Joupa yo pandan sèt jou. Foul moun te soti depi
Pas Amat la nan nò jouk sou fwontyè ak peyi Lejip la
nan sid, yo vin fete fèt la pandan sèt jou. Lèfini, yo fete
pandan sèt jou ankò. Sa te fè antou katòz jou. **66** Sou
wityèm jou a, Salomon voye tout moun tounen lakay yo.
Yo tout t'ap fè lwanj li, y' al lakay yo ak kè kontan, paske
sa te fè yo plezi pou wè tout benediksyon Seyè a te bay
David, sèvitè l' la, ansanm ak pèp Izrayèl li a.

9 Lè wa Salomon fin bati Tanp Seyè a, palè wa a ak tout
lòt bagay li te gen lide fè yo, **2** Seyè a te fè Salomon
wè l' ankò, menm jan li te fè l' wè l' lavil Gabawon an.
3 Seyè a di l' konsa: -Mwen tande lapriyè ou la. Mwen
mete tanp ou bati a apa pou sèvis mwen. Se la pou moun
adore m' tout tan. M'ap voye je sou li, m'ap toujou pwoteje
l'. **4** Si ou mache devan m' tankou David, papa ou, ak tout
kè ou jan ou dwe fè l' la, si ou fè tout sa mwen mande
ou fè, si ou koute lòd ak bon prensip mwen yo, m'a fè
gouvènman ou lan kanpe fèm nan peyi Izrayèl la pou tout
tan, **5** m'a kenbe pwomès mwen te fè David, papa ou
la, lè m' te di l' ap toujou gen yon moun nan fanmi li ki
pou gouvènen pèp Izrayèl la. **6** Men, si ou menm osinon
yonn nan pitit ou yo vire do ban mwen, si nou pa fè sa m'
mande nou fè, si nou pa koute lòd mwen ban nou, si n' al
sèvi lòt bondye, si n' al adore lòt bondye, **7** lè sa a, m'ap
wete pèp Izrayèl la nan peyi mwen ba yo a. M'ap vire

do bay tanp mwen te mete apa tankou kote pou yo fè
sèvis pou mwen an. Moun toupatou va pase pèp Izrayèl
la nan betiz, y'a fè chante sou li. 8 Tanp sa a va tounen
yon vye mazi. Tout moun ki va pase bò la va sezi, y'a
met men nan bouch. y'a mande poukisa Seyè a fè peyi a
ak tanp lan sa. 9 y'a reponn yo: Se paske yo te vire do
bay Seyè a, Bondye yo a, ki te fè zansèt yo soti kite peyi
Lejip. Yo kouri al jwenn lòt bondye, yo fè sèvis pou yo, yo
adore yo. Se poutèt sa Seyè a te voye malè sa a sou yo.
10 Wa Salomon te pran ventan pou l' bati tanp Seyè a
ak palè wa a. 11 Iram, wa peyi Tir, te ba li tout bwa sèd
ak bwa pichpen ansanm ak tout lò li te bezwen pou l' fè
travay la. Lè travay la fini, wa Salomon bay Iram ven lavil
nan zòn Galile a. 12 Iram kite peyi l', Tir, li desann al wè
lavil Salomon te ba li yo. Men, li pa t' renmen yo. 13 Li di
Salomon konsa: -Se lavil sa yo ou wè pou ou ban mwen,
frè mwen! Yo pa vo anyen. Se poutèt sa, depi lè sa a rive
jòdi a, yo rele zòn sa a Nan Kaboul. 14 Iram te voye senk
tòn lò an total bay Salomon. 15 Wa Salomon te fè moun
fè kòve pou bati tanp Seyè a ak palè pa l' la, pou mete
ranblè plen bò solèy leve lavil la ak pou bati gwo miray
lavil la. Li sèvi ak moun kòve yo tou pou l' rebati lavil Azò,
lavil Megido ak lavil Gezè. 16 Lontan anvan sa, farawon
an, wa peyi Lejip la, te moute atake lavil Gezè. Li pran
l', li touye tout moun Kanaran ki te rete la, lèfini li mete
dife ladan l'. Apre sa, li fè pitit fi l' la kado l' lè li te marye
ak wa Salomon. 17 Salomon rebati lavil Gezè, li rebati
lavil Bètowon ki nan fon an, 18 lavil Balat ak lavil Tama
nan dezè Jida a. 19 Li rebati tout lavil kote yo te fè depo
pwovizyon Salomon yo, lavil pou chwal li yo ak pou cha
lagè li yo, ak tou sa li te vle bati ni lavil Jerizalèm, ni nan
peyi Liban, ni nan tout lòt peyi ki te sou lòd li yo. 20 Te gen
moun Amori yo, moun Et yo, moun Ferezi yo, moun Evi
yo ak moun Jebis yo. 21 Lè moun Izrayèl yo te fin pran
peyi Kanaran an pou yo, gen anpil nan moun ansyen mèt
peyi a yo pa t' touye pou Bondye. Yo te kite yo rete nan
peyi a. Se pitit moun sa yo Salomon te pran sèvi esklav
pou fè kòve. Se sa k'ap fèt jouk jounen jòdi a. 22 Salomon
pa t' fè ankenn moun nan pèp Izrayèl la sèvi esklav. Li te
fè yo sèvi sòlda, ofisye, chèf, kaptenn ak kòmandan cha
lagè yo ak kavalye yo. 23 Te gen senksansenkant (550)
fòmann gouvènè yo te nonmen reskonsab travay li yo. Se
yo ki t'ap dirije moun ki t'ap travay yo. 24 Pitit fi farawon
an kite Lavil David la, l' al rete nan palè Salomon te bati
pou li a. Se apre sa Salomon fè ranbleye pòsyon ki bay
sou solèy leve a. 25 Twa fwa chak lanne, Salomon te
ofri bèt pou yo boule nèt pou Bondye ak ofrann pou di
Bondye mèsi sou lotèl li te bati pou Seyè a, epi li fè boule
lansan sou lotèl ki devan Seyè a. Se konsa, li te fè Tanp
lan sèvi pou sa yo te bati l' la. 26 Wa Salomon te bati yon
bann gwo batiman lavil Ezyongebè ki te toupre Elat, bò
lanmè Wouj la, nan pòsyon tè ki pou Edon an. 27 wa Iram
te voye kèk moun peyi l' ki te bon maren pou sèvi ansanm
ak moun Salomon yo sou batiman yo. 28 Yo vwayaje rive
peyi Ofi kote y' al chache sèz tòn lò pote bay Salomon.

10 Larenn peyi Saba tande pale ki kalite moun Salomon
te ye ak jan sa te sèvi yon lwanj pou Seyè a.
Li vwayaje pou lavil Jerizalèm pou l' sonde konesans
Salomon avèk kèk keksyon difisil. 2 Se konsa, li rive lavil
Jerizalèm avèk yon pakèt moun ak anpil chamo chaje fèy
santi bon, bèl pyè koute chè ak kantite lò. Lè li rive devan
Salomon, li mande l' tout kalite keksyon li te fè lide mande
l'. 3 Salomon menm reponn tout keksyon l' yo. pa t' gen
anyen ki te twò difisil ni pou li reponn ni pou li esplike. 4
Larenn peyi Saba a wè jan Salomon te gen anpil bon
konprann. Li wè palè li te bati a. 5 Li wè kalite manje yo te
sèvi sou tab li ak kay li te fè bati pou chèf li yo, jan li te
òganize moun k'ap travay nan palè a, rad inifòm yo te
genyen, domestik ki t'ap sèvi l' bweson, ak bèt li te ofri
pou boule nèt pou Seyè a nan Tanp lan. Lè li wè tou sa, li
pèdi lapawòl tèlman li te sezi. 6 Li di wa Salomon konsa: -
Sa m' te tande nan peyi m' sou ou ak sou bon konprann
ou an, se te vre! 7 Men, mwen pa t' vle kwè toutotan
mwen pa t' vini wè ak je pa mwen. Men, sa m' te tande a
se pa mwatye sa m' wè a. Bon konprann ou ak richès ou
pi plis pase sa yo te di m' lan. 8 Ala bèl chans madanm
ou yo genyen! Ala bèl chans moun k'ap travay avè ou
yo genyen! Yo toujou la devan ou ap tande pawòl bon
konprann k'ap soti nan bouch ou! 9 Lwanj pou Seyè a,
Bondye ou la! Li moutre jan li kontan avè ou. Li mete ou
wa peyi Izrayèl la. Li menm ki renmen peyi Izrayèl la pou
tout tan, li mete ou wa pou ou ka kenbe peyi a nan lòd,
nan bon chemen san patipri. 10 Larenn lan fè wa a kado
senk tòn lò ak kantite fèy santi bon ak anpil pyè koute
chè. Wa a pa janm resevwa nan lavi li kantite fèy santi
bon larenn Saba te ba li lè sa a. 11 Batiman Iram yo ki te
al chache lò nan peyi Ofi, te pote soti nan menm peyi sa a
yon gwo kantite bwa koray ak anpil bèl pyè koute chè. 12
Salomon sèvi ak bwa koray la pou fè balistrad nan tanp
lan ak nan palè a. Li fè gita ak bandjo pou mizisyen yo ak
bwa sa a tou. Se te pi bon kalite bwa koray yo te janm fè
antre nan peyi Izrayèl. Depi lè sa a yo pa janm wè sa
ankò. 13 Wa Salomon te bay larenn peyi Saba a tou sa li
te mande l', san konte lòt kado li menm, wa Salomon, li
te vle ba li. Apre sa, larenn lan tounen nan peyi Saba
ansanm ak tout moun ki te avè l' yo. 14 Chak lanne wa
Salomon te resevwa vennsenk tòn lò, 15 san konte lajan li
resevwa nan men moun k'ap fè trafik, nan men moun k'ap
fè komès, nan men wa peyi Arabi yo ak nan men gouvènè
pèp Izrayèl yo. 16 Salomon te fè fè desan (200) gwo plak
pwotèj an fè. Lèfini, li fè kouvri yo chak ak yon kouch lò ki
peze kenz liv. 17 Li fè fè tou twasan ti plak pwotèj an fè, li
fè kouvri yo chak ak yon kouch lò ki peze kat liv. Li mete
tout plak pwotèj sa yo nan Salon Rakbwa peyi Liban an.
18 Li fè fè yon gwo fotèy ak kòn elefan. Li fè kouvri l' ak pi
bon kalite lò ki genyen. 19 Pou rive bò fotèy la, se pou ou
te moute sis mach eskalye. Dèyè fotèy la te gen pòtre yon
gwo tèt towo. Sou kote manch yo sou chak bò, te gen
pòtre yon lyon. 20 Te gen douz lyon sou macheskalye yo,
de sou chak mach, nan de pwent yo. Pa t' gen ankenn

lòt peyi ki te gen fotèy pou w'a parèy ak fotèy sa a. **21** Tout gode wa Salomon te sèvi pou l' bwè te fèt an lò. Tout bagay ki te sèvi nan Salon Rakbwa peyi Liban an te fèt ak bon lò. Yo pa t' sèvi ak ajan menm, paske nan tan Salomon ajan pa t' vo anyen. **22** Li te gen kantite batiman pa l' ki t'ap vwayaje toupatou sou lanmè ansanm ak batiman Iram yo. Chak twazan, batiman yo tounen, yo pote lò, ajan, kòn elefan, pan ak makak. **23** Wa Salomon te pi rich pase tout lòt wa yo, li te gen plis bon konprann pase yo tout. **24** Tout moun toupatou te vle vin wè l' pou tande pawòl bon konprann Bondye te mete nan bouch li. **25** Chak moun ki te vini te pote kado pou li: bagay fèt an ajan ak an lò, rad, zam, fèy santi bon, chwal ak milèt. Chak lanne se te konsa. **26** Salomon te sanble mil katsan (1.400) cha lagè ak douzmil (12.000) chwal pou sòlda kavalye yo. Li mete yon pòsyon ladan yo nan lavil li te fè bati tout espre pou yo. Rès yo, li mete yo bò kote l' lavil Jerizalèm. **27** Pandan tout rèy wa a, ajan te tankou wòch lavil Jerizalèm. Bwa sèd menm, ou te jwenn sa an kantite tankou pye sikomò nan rakbwa ki nan plenn peyi Jida yo. **28** Chwal Salomon yo te soti nan peyi Lejip ak nan peyi Silisi. Wa a te gen moun pa l' ki te konn al achte chwal yo pou li la. **29** Chak cha lagè achte nan peyi Lejip te koute sisan (600) pyès ajan, chak chwal te koute sansenkant (150) pyès ajan. Se menm moun sa yo ki te konn al achte chwal pou revann wa peyi Et yo ak wa peyi Siri yo.

11 Salomon te renmen ak anpil fanm ki moun lòt nasyon. San konte pitit fi wa peyi Lejip la, li te gen fanm ki soti nan peyi Moab, nan peyi Amon, nan peyi Edon, nan peyi Sidon ak nan peyi Et. **2** Li te marye ak anpil fanm ki soti nan lòt nasyon, atout Seyè a te bay moun pèp Izrayèl yo lòd pou yo pa janm marye ak moun sa yo, pou yo pa janm kite yo mele ak yo, paske moun sa yo va pran tèt yo pou fè yo sèvi bondye pa yo. Men, Salomon te sitèlman renmen yo, li marye ak yo. **3** Salomon te marye ak sètsan (700) madanm ki soti nan fanmi gwo chèf, lèfini li te gen twasan (300) fanm kay. Medam sa yo fè l' vire do bay Bondye. **4** Lè Salomon konmanse granmoun, medam yo pran tèt li, yo fè l' al sèvi lòt bondye. Li pa sèvi Seyè a, Bondye li a, ak tout kè li ankò, jan David, papa l', te fè l' la. **5** Li pran sèvi Astate, bondye peyi Sidon an, ak Milkòm, vye zidòl degoutan peyi Amon an. **6** Salomon tanmen fè sa ki mal devan Seyè a. Li pa sèvi l' ak tout kè li jan David, papa l', te fè a. **7** Sou mòn ki sou bò solèy leve lavil Jerizalèm lan, li bati de tanp, yonn kote yo fè sèvis pou Kemòch, vye zidòl degoutan peyi Moab la, ak yonn kote yo fè sèvis pou Molòk, vye zidòl degoutan peyi Amon an. **8** Se konsa li bati lòt tanp kote pou medam lòt nasyon li te marye yo al boule lansan ak ofri bèt pou touye pou bondye pa yo. **9** Seyè a move sou Salomon paske Salomon te vire do bay Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la. Atout Seyè a te parèt de fwa devan Salomon, **10** atout li te ba li lòd pou li pa sèvi bondye lòt nasyon yo, Salomon pa t' koute Seyè a, li pa swiv lòd li yo. **11** Seyè a di Salomon konsa: -Gade sa ou fè! Ou pa respekte kontra mwen te pase avè ou la, ou pa fè sa m' te ba ou lòd fè. M'ap wete baton kòmandman an nan men ou, m'ap mete yonn nan chèf ou yo nan plas ou. **12** Men, poutèt David, papa ou, mwen p'ap fè sa nan vivan ou. Se nan men pitit gason ou lan m'ap wete gouvènman an. **13** Men, mwen p'ap wete tout peyi a nèt anba lòd li. Poutèt David, sèvitè m' lan, poutèt lavil Jerizalèm mwen chwazi pou rele m' pa m' lan, m'ap kite yon branch fanmi pou li. **14** Se konsa, Seyè a fè Adad, yon moun nan fanmi wa Edon an, leve dèyè Salomon. **15** Men istwa Adad: Lontan sa, nan tan David t'ap fè lagè ak peyi Edon, Joab, kòmandan lame li a, te moute nan peyi Edon al antere kadav sòlda pèp Izrayèl yo ki te mouri nan lagè a. Lèfini, yo touye dènye gason ki te nan peyi a. **16** Joab rete sis mwa nan peyi a ansanm ak tout lame a jouk yo fin touye dènye gason ladan l'. **17** Lè sa a, Adad te timoun. Li te rive chape kò l' ansanm ak kèk lòt moun peyi Edon ki t'ap travay kay papa l'. Y' ale nan peyi Lejip. **18** Yo kite lavil Madyan, yo pase lavil Paran. Antan yo la, yo pran kèk gason avèk yo, yo desann peyi Lejip bò kote wa peyi a. Farawon an ba li yon kay pou l' rete ak yon pòsyon tè pou l' travay. Lèfini li ba li manje. **19** Adad sitèlman vin bon zanmi farawon an, farawon an pran bèlsè li, sè larenn Takpènès, li bay Adad li pou madanm. **20** Madan Adad fè yon pitit gason yo te rele Genoubat. Larenn Takpenès fè elve Genoubat nan palè a kote li grandi ansanm ak tout pitit wa yo. **21** Lè nouvèl lanmò David ak lanmò Joab rive nan peyi Lejip, tonbe nan zòrèy Adad, Adad di farawon an konsa: -Kite m' tounen nan peyi m'. **22** Farawon an mande l': -Poukisa? Eske ou janm manke anyen isit lakay mwen kifè ou vle tounen lakay ou? Adad reponn li: -Mwen gen tou sa m' bezwen. Men se pou ou kite m' ale. Se konsa Adad tounen nan peyi l'. **23** Bondye fè yon lòt moun leve dèyè Salomon ankò. Se te Rezon, pitit gason Elyada, ki te kouri kite lakay mèt li, Adadezè, wa peyi Soba a. **24** Rezon sanble yon bann gason avè l'. Se konsa li vin chèf yon bann bandi. Lè sa a, David te bat Adadezè, li touye tout moun peyi Siri ki t'ap mache avèk Adadezè. Se konsa Rezon desann lavil Damas. Li vin chèf lavil Damas. **25** Pandan tout rèy wa Salomon, Rezon pa t' vle wè pèp Izrayèl la. Mete sou mechanste Adad t'ap fè pèp Izrayèl la, Rezon pa t' vle wè pèp Izrayèl la menm. Rezon te vin wa nan peyi Siri. **26** Yon lòt moun ki te bay Salomon do ankò, se te Jewoboram, yonn nan moun ki t'ap sèvi avèk Salomon yo. Jewoboram te pitit Nebat, yon nonm lavil Zereda nan peyi Efrayim. Manman l' te yon vèv yo te rele Sewa. **27** Men rezon ki te pote Jewoboram bay Salomon do. Salomon t'ap fè yo ranbleye teras ki bay sou solèy leve lavil Jerizalèm lan. Li t'ap fè repare miray Lavil David, papa l'. **28** Jewoboram te yon vanyan gason, lèfini li te konn sa li vle. Lè Salomon wè jan jenn gason an te travay rèd, li mete l' reskonsab travay kòve nan pòsyon tè ki pou fanmi pitit Jozèf yo. **29** Yon jou, Jewoboram te fèk kite lavil Jerizalèm, li kontre sou wout li ak Akija, pwofèt lavil Silo a. Akija te gen yon rad tou nèf sou li. De mesye

yo te pou kont yo sou wout la nan mitan jaden yo. **30** Akija wete rad nèf ki te sou li a, li chire l' fè douz moso. **31** Lèfini, li di Jewoboam: -Pran dis moso pou ou, paske Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, voye di ou: Mwen pral wete kòmandman peyi a nan men Salomon, m'ap ba ou dis branch fanmi pou ou. **32** Salomon pral rete ak yon sèl branch fanmi. M'ap fè sa pou li poutèt David, sèvitè m' lan, poutèt lavil Jerizalèm mwen te chwazi nan tout peyi Izrayèl pou rele m' pa m' lan. **33** Salomon vire do ban mwen, l' al adore bondye lòt nasyon, tankou Astate, zidòl fanm moun peyi Sidon yo, Kemòch, bondye moun Moab yo, ak Milkòm, bondye moun Amon yo. Salomon pa fè sa ki byen devan je mwen, li pa mache dwat, li pa swiv lòd ak kòmandman mwen yo tankou David, papa l', te fè l' la. **34** Men, mwen pa t' wete gouvènman tout peyi a nan men l'. M'ap kite l' gouvènen konsa jouk li mouri. M'ap fè sa pou li poutèt David, sèvitè m' lan, yon nonm mwen te chwazi, yon nonm ki te mache sou lòd ak kòmandman mwen yo. **35** Men, m'ap wete gouvènman tout peyi a nan men pitit gason l' lan. M'ap ba ou dis branch fanmi pou gouvènen. **36** M'ap kite yon sèl branch fanmi pou pitit li a. Konsa, David, sèvitè m' lan, va toujou gen yon moun nan ras li ap gouvènen lavil Jerizalèm, lavil mwen te chwazi pou m' rete a. **37** Ou menm, mwen pran ou, m'ap mete ou wa sou tout peyi Izrayèl la. Konsa, w'a chèf sou tout peyi ou vle a. **38** Si ou fè tou sa mwen mande ou fè, si ou mache sou lòd mwen, si ou fè sa ki dwat devan je m', si ou kenbe tout lòd ak tout kòmandman mwen yo tankou David, sèvitè m' lan, te fè l' la, m'ap toujou kanpe la avè ou. Lèfini, tankou mwen te fè sa pou David, m'ap fè ou toujou gen yon moun nan fanmi ou k'ap wa apre ou. M'ap ba ou peyi Izrayèl la pou ou. **39** Se konsa m'ap pini moun fanmi David yo. Men, se p'ap pou tout tan. **40** Se poutèt sa Salomon te soti pou l' touye Jewoboam. Men, Jewoboram leve, li kouri ale nan peyi Lejip, bò Chichak, wa peyi a. Li rete la jouk Salomon mouri. **41** Se nan liv istwa Salomon an nou jwenn tout lòt bagay Salomon te fè yo ak jan li te gen bon konprann. **42** Salomon te wa lavil Jerizalèm, li te gouvènen tout pèp Izrayèl la pandan karantan. **43** Lè li mouri, yo antere l' nan lavil David, papa l'. Se Woboram, pitit li, ki moute nan plas li sou fotèy la.

12 Woboram moute lavil Sichèm kote tout pèp Izrayèl la nèt te sanble pou fè li wa. **2** Lè Jewoboram, pitit gason Nebat la, ki te nan peyi Lejip kote li te al kache pou Salomon an, pran nouvèl la, li kite peyi Lejip, li tounen nan peyi l'. **3** Moun branch fanmi ki nan nò peyi a voye chache l'. Yo tout ansanm, y' al jwenn Woboram, yo di l' konsa: **4** -Salomon, papa ou, te di anpil ak nou, li te peze nou anpil. Koulye a, fè yon leve men pou nou. Kite nou viv yon ti jan pi alèz, n'a sèvi ou nèt ale. **5** Woboram di yo: -Tounen nan twa jou. Lè sa a, m'a ban nou repons. Epi pèp la al fè wout li. **6** Woboram menm al jwenn chèf fanmi ki te sèvi konseye pou Salomon, papa l', lè l' t'ap viv, li mande yo: -Kisa pou m' reponn pèp la? Ki konsèy nou ban mwen? **7** Yo reponn li: -Si jòdi a ou fè pèp la wè se sèvi ou vle sèvi l', si ou asepte fè sa yo mande ou la, si ou pale byen ak yo, y'ap toujou sèvi ou. **8** Men, Woboram pa koute konsèy granmoun yo te ba li a, l' al jwenn jenn gason ki te leve ansanm avè l' yo, lèfini ki te toujou la avè l', li mande yo konsèy. **9** Li di yo: -Ki konsèy nou ta ban mwen? Kisa pou m' reponn pèp la k'ap mande m' pou m' fè yon leve men pou yo? **10** Jenn gason kanmarad li yo reponn li: -Men sa w'a di moun sa yo k'ap plenyen ba ou pou papa ou ki t'ap peze yo, epi k'ap mande ou fè yon leve men pou yo. W'a di yo: Si papa m' te di ak nou, mwen menm m'ap pi di pase l'. **11** Wi, w'a di yo: Papa m' t'ap peze nou anba chay lou, mwen menm m'ap mete sou chay la ankò. Papa m' te bat nou ak fwèt, mwen menm m'ap pase fwèt la anba sann pou m' bat nou. **12** Twa jou apre vre, Jewoboram tounen ansanm ak tout pèp Izrayèl la vin jwenn wa Woboram jan li te di yo a. **13** Wa a pa koute konsèy granmoun yo, li pale di ak pèp la. **14** Li reponn yo jan jenn gason yo te ba l' konsèy fè a. Li di yo: -Papa m' t'ap peze nou anba chay lou, mwen menm m'ap mete sou chay n'ap pote deja a. Papa m' te bat nou ak fwèt, mwen menm m'ap pase fwèt la anba sann pou m' bat nou. **15** Se konsa wa a pa t' asepte fè sa pèp la te mande l' la. Sa se travay Seyè a menm ki te vle pou sa li te voye Akija, pwofèt Silo a, al di Jewoboram, pitit Nebat la, rive vre. **16** Lè pèp Izrayèl la wè wa a pa t' soti pou li fè sa yo te mande l' la, yo reponn wa a. Yo di li: -Nou pa gen anyen pou nou wè ak David. Nou pa bezwen anyen nan zafè pitit Izayi a. Ann al lakay nou, nou menm moun peyi Izrayèl yo! Ann kite pitit David yo degaje yo pou kont yo ak fanmi yo! Se konsa moun pèp Izrayèl yo vire do al lakay yo. **17** Yo kite Woboram pou li gouvènen sèlman sou moun ki rete nan pòsyon tè branch fanmi Jida a. **18** Apre sa, wa Woboram voye Adoram ki te reskonsab travay kòve yo bò kote moun Izrayèl yo. Men moun Izrayèl yo kalonnen li wòch jouk li mouri. Lè sa a, wa Woboram prese moute sou cha li, li kouri ale lavil Jerizalèm. **19** Depi lè sa a, moun pèp Izrayèl yo vire do bay moun fanmi David yo jouk jounen jòdi a. **20** Lè moun peyi Izrayèl yo vin konnen Jewoboram te tounen soti peyi Lejip, yo voye chache l' pou l' vin nan yon reyinyon. Yo fè msye wa sou tout peyi Izrayèl la. Se moun branch fanmi Jida yo ase ki te kenbe fèm ak fanmi David la. **21** Lè Woboram rive lavil Jerizalèm, li sanble sankatrevenmil (180.000) sòlda nan pi bon sòlda ki te nan branch fanmi Jida ak nan branch fanmi Benjamen pou l' al goumen ak moun peyi Izrayèl yo, pou l' mete yo anba lòd li ankò. **22** Men, Bondye pale ak Chemaya, pwofèt li a, li di l' konsa: **23** -Pale ak Woboram, pitit Salomon an, wa peyi Jida a, ansanm ak tout moun ki fè pati branch fanmi Jida ak branch fanmi Benjamen. Di yo: **24** Men mesaj mwen menm Seyè a, mwen voye ba yo: Pa konprann pou n' al atake moun peyi Izrayèl yo. Se fanmi nou yo ye. Tounen lakay nou. Sa ki rive a se travay mwen, se mwen ki vle l' konsa. Moun yo koute lòd Seyè a vre, yo tout al lakay yo jan Seyè a te di yo a. **25** Jewoboram ranfòse

miray ranpa lavil Sichèm nan mòn peyi Efrayim. Se la l'
al rete pou yon tan. Apre sa, li kite Sichèm, l' al ranfòse
miray ranpa lavil Penwèl. 26 Lèfini, Jewoboram di nan
kè li: -Jan sa ye koulye a, gouvènman an pral tounen
nan men moun fanmi David yo ankò. 27 Paske, si pèp la
gen pou moute lavil Jerizalèm chak lè pou touye bèt pou
Seyè a nan Tanp lan, rive yon lè, y'ap tounen al jwenn
Woboram, wa peyi Jida a. Lè sa a, y'a touye m' pou y' al
jwenn li ankò. 28 Lè li fin fè lide sa a, li fè de estati towo
an lò, epi li di pèp la: -Nou moute kont nou koulye a lavil
Jerizalèm pou fè sèvis. Nou menm moun pèp Izrayèl,
men bondye pa nou, bondye ki te fè nou soti kite peyi
Lejip. 29 Li mete yonn nan estati towo yo lavil Betèl, li
mete lòt la lavil Dann. 30 Se konsa pèp la rive fè sa ki
mal. Y' al fè sèvis pou zidòl yo lavil Betèl ak lavil Dann.
31 Jewoboram al bati lòt kay zidòl sou tèt kèk mòn. Li
chwazi kèk gason nan pèp la ki pa t' nan branch fanmi
Levi yo pou sèvi prèt. 32 Jewoboram chwazi kenzyèm jou
nan wityèm mwa a pou yon jou fèt, tankou fèt yo fè nan
peyi Jida a. Sou lotèl lavil Betèl la, li touye bèt pou estati
towo li te fè fè yo. Lèfini, se la lavil Betèl ankò li mete prèt
ki pou sèvi nan lòt kote li te bati pou fè sèvis yo. 33 Se
konsa, sou kenzyèm jou wityèm mwa a, jou li menm li te
chwazi a, li moute lavil Betèl, l' al touye bèt sou lotèl la
pou fete fèt li menm li te fè lide fete pou pèp Izrayèl la.

13 Lè sa a, Seyè a bay yonn nan pwofèt li yo ki te nan
peyi Jida lòd pou li moute lavil Betèl. Lè li rive lavil
Betèl, Jewoboram te kanpe bò lotèl la ap boule lansan. 2
Dapre lòd Seyè a te ba li a, pwofèt la pale byen fò, li bay
mesaj sa a sou lotèl la: -Ou menm lotèl! Wi, ou menm
lotèl! Men sa Seyè a di: Nan fanmi David la, gen yon
timoun ki pral fèt, y'ap rele l' Jozyas. L'ap vini, l'ap pran
tout prèt k'ap sèvi nan kay zidòl yo, prèt k'ap boule lansan
sou ou yo, l'ap touye yo sou ou. Lèfini, sou ou ankò y'a
boule zosman moun. 3 Menm jou sa a pwofèt la bay yon
siy, li di konsa: -Lotèl sa a pral fann de bò. Sann dife ki
sou li a pral gaye tout atè a. Lè n'a wè sa, n'a konnen se
Seyè a menm ki pale nan bouch mwen. 4 Lè Jewoboram
tande pawòl pwofèt la te di sou lotèl Betèl la, li lonje men
l' anwo lotèl la sou pwofèt la, li di: -Pran msye! Men, men
li te lonje sou pwofèt la rete tou rèd, li pa t' ka fè yon
mouvman avè l' ankò. 5 Lamenm, lotèl la rete konsa, li
fann de bò, epi sann dife ki te sou li a gaye tout atè a, jan
pwofèt la te di sa nan non Seyè a. 6 wa Jewoboram pran
lapawòl ankò, li di pwofèt Bondye a konsa: -Tanpri, lapriyè
Seyè a, Bondye ou la, pou mwen. Mande l' pou l' geri
men m'. Pwofèt la lapriyè Seyè a vre, epi men wa a geri, li
vin jan li te ye anvan an. 7 Apre sa, wa a di pwofèt la
konsa: -Ann al lakay avè m'. W'a manje. Lèfini, m'a fè ou
kado kichòy. 8 Pwofèt la reponn: -Ou ta mèt ban mwen
mwatye nan tout richès ou yo, mwen p'ap mete pwent
pye m' lakay ou. Mwen p'ap manje pen, ni mwen p'ap
bwè dlo isit la. 9 Paske, Seyè a te ban mwen lòd pou m'
pa ni manje ni bwè anyen, lèfini pou m' pa pran menm
chemen mwen te vini an pou m' tounen lakay mwen. 10
Se konsa li pran yon lòt wout pou l' tounen lakay li, li pa
pran menm chemen li te pran lè li t'ap vini lavil Betèl la.
11 Nan tan sa a, te gen yon pwofèt ki te rete lavil Betèl. Li
te granmoun anpil. Pitit gason l' yo vin rakonte l' tou sa
pwofèt Bondye a te fè jou sa a lavil Betèl, ak tou sa li te di
wa Jewoboram. 12 Pwofèt la mande yo ki wout yo wè l'
pran. Pitit gason l' yo moutre l' chemen pwofèt Bondye ki
te soti peyi Jida a te pran. 13 Li di pitit gason l' yo sele
bourik li pou li. Yo sele bourik li a, li moute sou li, 14 li pati
dèyè pwofèt Bondye a. Li jwenn li chita anba yon pye
chenn. Li mande l': -Se ou menm pwofèt Bondye ki soti
peyi Jida a? Nonm lan reponn: -Se mwen wi! 15 Li di l'
konsa: -Ann al lakay avè m'. W'a manje kichòy! 16 Men
pwofèt peyi Jida a di l': -Non, m' pa ka tounen avè ou, ni
m' pa ka al lakay ou. Lèfini, m' p'ap manje, m' p'ap bwè
anyen avè ou isit la. 17 Paske Seyè a te ban m' lòd pou
m' pa t' ni manje ni bwè anyen avè ou isit la, lèfini pou m'
pa pran menm chemen mwen te pase pou m' vini an pou
m' tounen. 18 Lè sa a pwofèt lavil Betèl la di l': -Mwen
menm tou, mwen se yon pwofèt tankou ou. Se Seyè a
menm ki te voye yonn nan zanj li yo vin di m' pou m' fè ou
tounen lakay ansanm avè m', lèfini pou m' ba ou manje,
pou m' ba ou bwè! Men se manti pwofèt lavil Betèl la t'ap
ba li. 19 Se konsa pwofèt peyi Jida a tounen lakay pwofèt
Betèl la, li manje, li bwè avè l'. 20 Yo te chita bò tab la
toujou lè Seyè a pale ak pwofèt Betèl la 21 ki pale byen
move ak pwofèt peyi Jida a. Li di l' byen fò: -Seyè a di ou
ou pa koute lòd li te ba ou, ou pa fè sa li te mande ou fè
a. 22 Okontrè, ou tounen, ou manje, ou bwè yon kote
li te ba ou lòd pa fè sa. Se poutèt sa w'ap mouri, lèfini,
ou p'ap antere nan kavo fanmi ou. 23 Lè yo fin manje,
pwofèt lavil Betèl la sele bourik pwofèt peyi Jida a pou
li. 24 Pwofèt peyi Jida a pati. Li kontre ak yon lyon sou
chemen li, lyon an touye l'. Kadav li te blayi atè a nan
mitan chimen an. Bourik la ak lyon an te rete la bò kote l'.
25 Moun ki t'ap pase bò la wè kadav la atè nan chimen an
ansanm ak lyon an bò kote l'. Yo antre lavil Betèl kote
pwofèt granmoun lan te rete a, yo rakonte sa yo wè. 26
Lè pwofèt la tande sa, li di: -Se pwofèt ki te dezobeyi lòd
Seyè a te ba li a. Konsa, Seyè a voye yon lyon atake l'.
Lyon an kraze l', li touye l' jan Seyè a te di l' l'ap fè l' la. 27
Li di pitit gason l' yo. -Sele bourik la pou mwen! Yo sele
bourik msye. 28 Msye pati, li jwenn kadav pwofèt peyi
Jida a lonje atè a nan chimen an, bourik la ak lyon an
kanpe bò kote l' toujou. Lyon an pa t' manje kadav la, ni li
pa t' fè bourik la anyen. 29 Pwofèt lavil Betèl l'a ranmase
kadav l'a, li mete l' sou bourik la, li pote l' tounen lavil
Betèl. Li pran lapenn pou li. Lèfini, li antere l'. 30 Li mete
kadav la nan kavo pwòp fanmi l'. Li menm ansanm ak pitit
gason li yo kriye pou li, yo t'ap di: -Woy, frè mwen! Ou al
kite m' vre? 31 Apre lantèman an, pwofèt la pale ak pitit
gason l' yo. Li di yo: -Lè m'a mouri, n'a antere m' nan kavo
sa a, n'a mete kadav mwen kole kole ak kadav pa l' la. 32
Pawòl Seyè a te ba li lòd di sou lotèl lavil Betèl la ak sou

lòt kote y'ap fè sèvis nan lavil Samari yo gen pou rive vre.
33 Apre tout bagay sa yo, Jewoboram, wa peyi Izrayèl la,
donnen pi rèd nan vye bagay li t'ap fè yo. Li t'ap chwazi
moun nan pèp la toujou pou sèvi prèt nan tanp li te bati
pou zidòl yo. Depi yon moun te vle prèt, li te ba l' pouvwa
a pou li te sèvi prèt nan tanp zidòl yo. 34 Se konsa, tout
fanmi Jewoboram lan lage kò yo nan fè sa ki mal. Se
poutèt sa, tout fanmi sa a fini, li disparèt nèt sou latè.

14 Lè sa a, Abija, pitit gason wa Jewoboram lan, tonbe
malad. 2 Jewoboram di madanm li: -Abiye ou yon
jan pou pesonn pa rekonèt se madanm mwen ou ye, pati
ale lavil Silo. Se la pwofèt Akija rete; se li ki te di m' mwen
tapral gouvènen pèp Izrayèl la. 3 W'a pran dis pen, kèk
gato ak yon bokal siwo myèl pou fè l' kado, ou v al lakay
li. Sèten, l'a fè ou konnen sa ki pou rive pitit gason nou
an. 4 Se konsa madan Jewoboram ale lakay Akija lavil
Silo. Akija te granmoun anpil, li pa t' wè nan je l' ankò.
5 Seyè a te fè Akija konnen madan Jewoboram ap vin
wè li pou pitit gason l' lan ki malad. Li te di l': -Lè madan
Jewoboram vini, l'ap fè tèt li pase pou yon lòt moun. Ou
menm, w'a di l' sa m'a mete nan bouch ou pou di l'. Lè
madan Jewoboram rive, li fè tèt li pase pou yon lòt moun
vre. 6 Men, lè Akija tande l' bri pye l' ap vini nan papòt la,
li di l': -Antre non, madan Jewoboram. Poukisa w'ap fè
tèt ou pase pou lòt moun konsa? Tout jan, mwen gen
move nouvèl pou ou. 7 Ale di Jewoboram men sa Seyè
a, Bondye pèp Izrayèl la voye di l': Mwen te chwazi ou
nan mitan pèp la, mwen mete ou chèf sou pèp mwen an,
pèp Izrayèl la. 8 Mwen wete baton kòmandman nan men
moun fanmi David yo, mwen ba ou li. Men, ou pa t' tankou
David. sèvitè m' lan, ki te toujou koute lòd mwen te ba li,
ki te mache ak kè kontan nan chemen mwen te ba li, ki te
fè sa ki pou fè m' plezi ase. 9 Ou fè pi mal pase sa ki te
chèf anvan ou yo. Ou sèvi lòt bondye, ou fè estati an kwiv
pou yo, ou voye m' jete, ou fè m' fache. 10 Se poutèt
sa, Jewoboram, mwen pral fè malè tonbe sou fanmi ou.
Mwen pral touye dènye gason nan fanmi ou, timoun kou
granmoun. M'ap disparèt fanmi ou nèt nan peyi Izrayèl,
y'ap bale yo voye jete tankou yo jete poupou. 11 Chen
pral manje kadav moun nan fanmi ou ki va mouri nan
lavil. Malfini karanklou va manje kadav sa ki va mouri
andeyò. Se Seyè a menm ki di sa. 12 Ou menm pou tèt
pa ou, madan Jewoboram, leve non, tounen lakay ou.
Rive w'a rive lavil la, pitit la ap mouri. 13 Tout moun peyi
Izrayèl yo va pran lapenn pou li, y'a antere l'. Nan tout
fanmi Jewoboram lan, se li menm ase y'ap antere paske,
nan tout fanmi an, se li menm ase ki te yon ti jan bon
nan je Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la. 14 Seyè a pral
mete yon lòt wa pou gouvènen pèp Izrayèl la. Se li menm
ki pral disparèt fanmi Jewoboram lan. Se pou jòdi a wi
sa m'ap di la a. Se pou koulye a menm. 15 Seyè a pral
pini pèp Izrayèl la. Yo pral tranble tankou pye wozo k'ap
tranble bò kouran dlo. Li pral dechouke pèp Izrayèl la
nan bon peyi li te bay zansèt yo a, li pral gaye yo lòt bò
larivyè Lefrat, paske yo fè Seyè a fache lè yo fè estati pou
zidòl Astate a. 16 Seyè a pral lage pèp Izrayèl la paske
Jewoboram te fè anpil peche, lèfini li te pote pèp Izrayèl
fè sa ki mal tou. 17 Madan Jewoboram pati, li tounen lavil
Tisra. Lè li fè sa l'ap antre lakay li, pitit la mouri. 18 Moun
pèp Izrayèl yo pran lapenn pou pitit la, yo antere l', jan
Seyè a te di sa nan bouch pwofèt Akija a. 19 Tout lòt
bagay wa Jewoboram te fè yo, istwa lagè li te fè ak jan li
te gouvènen peyi a, n'a jwenn tou sa ekri nan liv Istwa wa
peyi Izrayèl yo. 20 Jewoboram te wa pandan venndezan.
Lè li mouri, yo antere l'. Se Nadab, pitit gason l' lan, ki
moute sou fotèy la nan plas li. 21 Woboram, pitit gason
Salomon an, te gen karanteyennan lè li vin wa peyi Jida.
Li gouvènen pandan disetan lavil Jerizalèm, lavil Seyè a
te chwazi nan tout peyi Izrayèl la pou anplasman kote
pou yo fè sèvis pou li a. Manman Woboram te moun lavil
Amon. Li te rele Nama. 22 Moun peyi Jida yo fè sa ki mal
nan je Seyè a. Yo fè pi mal pase zansèt yo. Se konsa yo
te lakòz kolè Seyè a tonbe sou yo. 23 Yo menm tou, yo
bati kay pou fè sèvis pou zidòl, yo fè gwo moniman wòch
ak estati pou Astate sou tèt mòn anba gwo pyebwa. 24
Sa ki pi rèd toujou, te gen fanm ak gason nan tout kote
sa yo ap fè jennès nan sèvis pou zidòl. Moun peyi Jida
yo te lage kò yo nan fè tout vye malpwòpte pèp Seyè
a te mete deyò nan peyi a pou fè plas pou pèp Izrayèl
la. 25 Woboram te gen senkan depi li te wa lè Chichak,
wa peyi Lejip la, atake lavil Jerizalèm. 26 Li pran tout
trezò ki te nan tanp lan ak nan palè wa a, ata gwo plak
pwotèj an lò Salomon te fè fè yo. 27 Wa Woboram fè fè
gwo plak pwotèj an kwiv pou mete nan plas yo. Lèfini, li
renmèt yo nan men chèf gad ki t'ap fè pòs nan pòtay kay
wa a. 28 Chak fwa wa a t'ap antre nan Tanp lan, chèf
gad yo pran gwo plak pwotèj yo pote yo vini. Lè l' ale,
yo pote yo tounen nan sal gad la. 29 Tout lòt bagay wa
Woboram te fè yo, n'a jwenn yo ekri nan liv Istwa wa peyi
Jida yo. 30 Pandan tout tan sa a se te yon lagè san rete
ant Woboram ak Jewoboran. 31 Lè Woboram mouri, yo
antere l' nan tonm fanmi an nan lavil David la. Manman
l' te rele Nama, se te moun lavil Amon. Se Abijam, pitit
gason Woboram lan, ki moute sou fotèy la nan plas papa
l'.

15 Jewoboram te gen dizwitan depi li te wa peyi Izrayèl
la, lè Abijam moute wa nan peyi Jida. 2 Li gouvènen
lavil Jerizalèm pandan twazan. Manman l' te rele Maka,
se te pitit fi Absalon. 3 Abijam te lage kò l' nan fè menm
bagay ak papa l'. Li pa t' sèvi Seyè a, Bondye li a, ak tout
kè li jan David, zansèt li a, te fè. 4 Men poutèt David, Seyè
a, Bondye li a, te bay Abijam yon pitit gason pou te toujou
gen yon moun nan ras li ap gouvènen lavil Jerizalèm apre
li. Konsa lavil Jerizalèm va toujou rete kanpe. 5 Seyè a te
fè sa paske David te toujou fè sa ki dwat devan Seyè a.
Pandan tout lavi li, li pa t' janm dezobeyi ankenn lòd Seyè
a, si ou wete zafè Ouri, moun peyi Et la. 6 Pandan tout
rèy Woboram lan, se te yon lagè san rete ant Woboram
ak Jewoboram. 7 Toutan te gen lagè tou ant Abijam ak

Jewoboram. Tout lòt bagay Abijam te fè yo, n'a jwenn yo
ekri nan liv Istwa wa peyi Jida yo. 8 Lè Abijam mouri,
yo antere l' nan lavil David la, Se Asa, pitit gason l' lan,
ki moute sou fotèy la nan plas li. 9 Wa Jewoboram t'ap
mache sou ventan depi li t'ap gouvènen peyi Izrayèl, lè
Asa moute wa nan peyi Jida. 10 Li gouvènen pandan
karanteyennan lavil Jerizalèm. Maka, pitit fi Absalon an, te
grann li. 11 Asa te fè sa ki dwat devan Seyè a, tankou
David, zansèt li. 12 Li netwaye peyi a, li mete tout gason
ak tout fanm ki t'ap fè jennès nan kay zidòl yo deyò nan
peyi a. Li wete tout vye zidòl chèf ki te la anvan l' yo te
fè. 13 Li menm rive wete Maka, grann li, nan pozisyon
manman larenn yo te ba li nan peyi a, paske Maka te fè
yon vye estati pou Astate. Asa kraze estati a, li fè boule l'
nan fon Sedwon an. 14 Malgre li pa t' rive fè disparèt tout
kay zidòl yo, limenm li te toujou sèvi Seyè a ak tout kè li
pandan tout lavi li. 15 Li mete nan Tanp lan tou sa papa l'
te bay pou sèvis Bondye ansanm ak tout bagay an lò ak
an ajan limenm li te bay pou Bondye. 16 Pandan tout tan
yo t'ap gouvènen chak moun bò pa yo, se te yon lagè san
rete ant Asa, wa peyi Jida, ak Bacha, wa peyi Izrayèl. 17
wa Bacha anvayi peyi Jida. Li pran lavil Rama, li plen l'
sòlda pa l' pou anpeche moun pase antre soti nan peyi
Jida. 18 Lè wa Asa wè sa, li pran tout rès bagay an lò ak
bagay an ajan ki te rete nan tanp lan ak nan palè a, li
renmèt yo nan men kèk moun pa l', li voye yo lavil Damas
bò kote Bennadad, wa peyi Siri, pitit gason Tabrimon, pitit
pitit Ezyon, ak mesaj sa a: 19 -Annou pase kontra yonn ak
lòt tankou zansèt nou yo te fè l' la. Men mwen voye bagay
an lò ak bagay an ajan sa yo fè ou kado. Koulye a, kase
kontra ou pase ak Bacha, wa peyi Izrayèl la, konsa la
blije wete sòlda li yo nan peyi mwen an. 20 wa Bennadad
dakò avèk sa wa Asa te voye di l' la. Li voye chèf lame li
yo al atake lavil peyi Izrayèl yo. Yo pran lavil Iyon, lavil
Dann, lavil Abèl-bèt Maka, tout zòn ki toupre letan Galile
a, ak tout pòsyon tè branch fanmi Neftali a. 21 Lè Bacha
vin konn sa, li wete tout sòlda ki te plen lavil Rama a, l'
ale lavil Tizra. 22 Lè sa a, wa Asa fè rele dènye moun
nan peyi Jida a pou wete wòch ak bwa wa Bacha te fè
anpile pou ranfòse miray ranpa lavil Rama. Wa Asa sèvi
ak materyo sa yo pou ranfòse miray ranpa lavil Mispa ak
lavil Geba nan pòsyon tè branch fanmi Benjamen yo. 23
Tout lòt istwa sou sa wa Asa te fè yo, sou jan li te yon
vanyan gason, sou lavil li te bati yo, n'a jwenn tou sa
ekri nan liv Istwa wa peyi Jida yo. Men, lè l' konmanse
granmoun, yon maladi nan pye rann li enfim. 24 Lè Asa
mouri, yo antere l' nan tonm fanmi li nan lavil David la. Se
Jozafa, pitit li, ki moute sou fotèy la nan plas li. 25 Wa Asa
te gen dezan depi li t'ap gouvènen peyi Jida a lè Nadad,
pitit gason Jewoboram, moute wa nan peyi Izrayèl. Li
gouvènen peyi a pandan dezan ase. 26 Li fè sa ki mal
nan je Seyè a. Tankou papa l', li pa t' mache dwat devan
Bondye, lèfini li te lakòz pèp la fè sa ki mal tou. 27 Bacha,
pitit gason Akija, nan branch fanmi Isaka a, moute yon
konplo pou touye Nadab. Lè sa a, Nadab ak lame Izrayèl
la t'ap sènen lavil Gibetou nan peyi Filisti. Se la Bacha
touye Nadab. 28 Sa rive nan twazyèm lanne rèy wa Asa
nan peyi Jida. Se konsa Bacha moute wa peyi Izrayèl nan
plas Nadab. 29 Rive li rive wa, li touye dènye moun nan
fanmi Jewoboram lan. Konsa, dapre pawòl Seyè a te mete
nan bouch pwofèt Akija, moun lavil Silo, sèvitè Bondye a,
li touye tout moun nan fanmi Jewoboram lan, li pa kite
yonn chape. 30 Sa te rive konsa paske Jewoboram te fè
sa ki mal, lèfini li te lakòz pèp la fè sa ki mal tou. Se konsa
li te fè Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, fache sou li. 31 Tout
lòt bagay Nadab te fè yo, n'a jwenn yo ekri nan liv Istwa
wa peyi Izrayèl yo. 32 Se te yon lagè san rete ant Asa,
wa peyi Jida a, ak Bacha, wa peyi Izrayèl la, pandan tout
tan yo t'ap gouvènen, chak moun bò pa yo. 33 Wa Asa
t'ap mache sou twazan depi li t'ap gouvènen peyi Jida a lè
Bacha, pitit gason Akija, moute wa nan peyi Izrayèl. 34 Li
gouvènen pandan vennkatran nan lavil Tiza. Li te fè sa ki
mal devan Seyè a. Tankou Jewoboram, li pa t' mache
dwat devan Bondye. Li te lakòz pèp la fè sa ki mal tou.

16 Seyè a pale ak Jeou, pitit gason Anani. Li ba li
mesaj sa a pou Bacha. Li di l' konsa: 2 -Bacha pa t'
anyen menm. Men, mwen mete l' chèf sou pèp mwen an,
pèp Izrayèl la. Koulye a menm, li fè tankou Jewoboram,
lèfini li lakòz pèp la fè sa ki mal tou. Yo fè m' fache ak
peche yo fè yo. 3 Se konsa mwen pral disparèt Bacha
ansanm ak tout fanmi li, tankou m' te fè fanmi Jewoboram
lan. 4 Chen pral manje kadav moun nan fanmi li ki va
mouri nan lavil la. Malfini karanklou va manje kadav sa ki
va mouri andeyò yo. 5 Tout lòt istwa sou sa Bacha te fè
yo, sou jan li te yon vanyan gason, n'a jwenn yo ekri nan
liv Istwa wa peyi Izrayèl yo. 6 Lè Bacha mouri, yo antere l'
lavil Tiza. Se Ela, pitit gason l', ki moute wa nan plas li. 7
Seyè a te bay pwofèt Jeou, pitit gason Anani an, mesaj sa
a pou Bacha ak fanmi li poutèt peche Bacha te fè kont
Seyè a. Li te fè Seyè a fache sou li non sèlman paske li te
fè sa ki mal tankou moun fanmi Jewoboram yo, men tou
paske li te touye tout moun nan fanmi Jewoboram lan. 8
Wa Asa t'ap mache sou vennsizan depi li t'ap gouvènen
peyi Jida lè Ela, pitit gason Bacha, moute wa peyi Izrayèl
la. Li gouvènen pandan dezan lavil Tiza. 9 Zimri, yonn
nan chèf li yo ki te reskonsab mwatye cha lagè wa a,
moute yon konplo kont wa a. Yon jou, Ela te lavil Tiza,
li t'ap bwè gwòg lakay Atza ki te reskonsab palè wa a.
10 Zimri antre nan kay la, li touye wa Ela, li pran plas li
sou fotèy la. Tou sa pase nan vennsetyèm lanne rèy Asa,
wa peyi Jida a. 11 Moute Zimri moute wa, li touye dènye
moun nan fanmi Bacha a. Li touye tout gason ki te fanmi l'
osinon zanmi l'. 12 Se konsa Zimri te touye tout fanmi
Bacha a, jan Seyè a te mete pawòl la nan bouch pwofèt
Jeou a. 13 Paske Bacha ak Ela, pitit li a, te fè Seyè a,
Bondye pèp Izrayèl la, fache ak vye zidòl yo. Yo te peche
kont Seyè a, yo te lakòz pèp la fè sa ki mal tou. 14 Tout
lòt bagay Ela te fè yo, n'a jwenn yo ekri nan liv Istwa wa
peyi Izrayèl la. 15 Wa Asa t'ap mache sou vennsetan depi

li t'ap gouvènen peyi Jida a, lè Zimri pran pouvwa a pou
sèt grenn jou lavil Tiza nan peyi Izrayèl. Lè sa a, lame pèp
Izrayèl la t'ap sènen lavil Gibeton nan peyi Filisti. 16 Lè
sòlda yo pran nouvèl Zimri te fè konplo sou wa a, li te
menm touye l', lapoula yo nonmen Omri, kòmandan lame
a, wa peyi Izrayèl. 17 Omri kite lavil Gibeton ansanm ak
tout lame a, li moute, l' al sènen lavil Tiza. 18 Lò Zimri wè
lavil la tapral tonbe nan men Omri, li antre nan ti fò ki sou
tèt palè wa a, li mete dife nan palè a, epi li mouri nan dife
a. 19 Sa te pase konsa paske Zimri te fè sa ki mal nan je
Seyè a. Tankou Jewoboram, li pa t' fè sa ki dwat devan
Seyè a, li te lakòz pèp Izrayèl la fè peche tou. 20 Tout
lòt bagay Zimri te fè ak istwa konplo li te moute a, n'a
jwenn sa ekri nan liv Istwa wa peyi Izrayèl yo. 21 Lè sa
a, moun peyi Izrayèl yo te fè de kan: Mwatye ladan yo
te vle fè Tibni, pitit gason Genat la, wa. Mwatye te pou
Omri. 22 Patizan Omri yo kraze patizan Tibni, pitit gason
Genat la. Tibni mouri, Omri moute wa. 23 Se konsa nan
tranteyenyèm lanne rèy Asa, wa peyi Jida, Omri moute wa
peyi Izrayèl. Li gouvènen peyi a pandan douzan. Pandan
sizan, li gouvènen nan lavil Tiza. 24 Apre sa, li achte mòn
Samari a pou simil (6.000) pyès ajan nan men yon nonm
yo te rele Chemè. Omri bati yon lavil sou tèt mòn lan, li
rele l' Samari, dapre non Chemè, ansyen mèt tè a. 25
Omri fè sa ki mal nan je Seyè a. Li fè pi mal pase moun
ki te chèf anvan l' yo. 26 Li mache pye pou pye dèyè
Jewoboram, pitit Nebat la: li fè sa ki mal, li lakòz pèp la
fè sa ki mal tou. Se konsa yo te fè Seyè a, Bondye pèp
Izrayèl la, fache ak vye zidòl yo. 27 Tout lòt istwa sou sa
Omri te fè yo, sou jan li te yon vanyan gason, n'a jwenn
sa ekri nan liv Istwa wa peyi Izrayèl yo. 28 Lè Omri mouri,
yo antere l' lavil Samari. Se Akab, pitit gason l' lan, ki
moute wa nan plas li. 29 Wa Asa te gen trantwitan depi li
t'ap gouvènen peyi Jida a lè Akab, pitit Omri a, moute wa
peyi Izrayèl. Pandan venndezan li gouvènen peyi Izrayèl
nan lavil Samari. 30 Li fè sa ki mal nan je Seyè a. Li fè pi
mal pase tout moun ki te chèf anvan l' yo. 31 Non sèlman
li te fè tankou Jewoboram, pitit Nebat la, men l' ale pi lwen
toujou. Li marye ak Jezabèl, pitit fi Elbaal, wa peyi Sidon.
Li pran sèvi Baal, l' al met ajenou devan li. 32 Nan mitan
lavil Samari, li bati yon tanp pou Baal, li mete yon lotèl
ladan l'. 33 Li fè yon estati pou Astate tou. Li fè pi mal
pase tout lòt wa peyi Izrayèl ki te pase anvan l' yo pou fè
Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, fache. 34 Se pandan rèy
Akab la, yon nonm yo rele Iyèl, moun lavil Betèl, rebati
lavil Jeriko. Men, pawòl Seyè a te di Jozye, pitit Noun lan,
rive vre. Abiram, premye pitit Iyèl la, mouri lè yo t'ap fouye
fondasyon lavil la, lèfini Segoub, dezyèm pitit gason Iyèl
la, mouri lè yo t'ap moute pòtay lavil la.

17 Yon pwofèt yo te rele Eli, moun lavil Tichbe nan zòn
Galarad, di wa Akab konsa: -Nan non Seyè m'ap
sèvi a, Bondye vivan pèp Izrayèl la, men sa m'ap di ou:
Pandan lanne k'ap vini yo, p'ap gen lawouze, p'ap gen
lapli si se pa mwen ki mande sa. 2 Apre sa, Seyè a pale
ak Eli, li di l' konsa: 3 -Kite kote ou ye a, ale nan direksyon
solèy leve. Al kache toupre ravin Kerit la ki sou bò solèy
leve larivyè Jouden. 4 W'a jwenn dlo nan ravin lan pou ou
bwè. Mwen bay kaou yo lòd pou yo pote manje ba ou. 5
Eli fè sa Seyè a te di l' fè a. Li pati, l' al rete toupre ravin
Kerit la. 6 Kaou yo pote pen ak vyann pou li chak maten,
chak aswè. Li te jwenn dlo pou l' bwè nan ravin lan. 7 Kèk
tan apre sa, ravin lan vin chèch, paske lapli pa t' tonbe
nan peyi a. 8 Lè sa a, Seyè a pale ak Eli, li di l' konsa: 9 -
Leve non! Ale lavil Sarepta, nan peyi wa Sidon an. Se la
ou pral rete koulye a. Mwen bay yon fanm vèv ki rete
laba a lòd pou li ba ou manje. 10 Se konsa Eli leve vre, li
pati pou lavil Sarepta. Lè li rive bò pòtay lavil la, li wè
yon fanm vèv ki t'ap ranmase bwa. Li rele l', li di l' konsa:
-Tanpri, pote ti gout dlo nan yon veso pou m' bwè. 11
Madanm lan fè sa pou l' al chache dlo a, Eli rele l' ankò, li
di l' konsa: -Tanpri, pote yon moso pen pou mwen tou. 12
Madanm lan reponn li: -Mwen pran Seyè a, Bondye ou la
ki vivan an, pou temwen, mwen pa gen pen tou kwit lakay
mwen. Tou sa m' genyen se yon ponyen farin frans nan
yon ti bòl ak tigout lwil nan yon boutèy. Mwen vin ranmase
de ti bwa la a pou m' al pare ti sa ki rete m' lan pou mwen
ak pitit gason m' lan. Lè n'a fin manje l', nou pral rete
konsa jouk grangou touye nou. 13 Eli di li: -Pa bat kò ou!
Ale pare ti manje ou la! Sèlman fè yon ti pen pou mwen
anvan, epi pote l' vini. Apre sa, w'a fè yonn pou ou ak
pitit gason ou lan. 14 Paske men pawòl Seyè a, Bondye
pèp Izrayèl la, di: Ti bòl farin frans lan ak ti boutèy lwil
oliv la p'ap janm vid jouk jou mwen menm Seyè a m'a fè
lapli tonbe sou latè ankò. 15 Madanm lan ale, li fè sa
Eli te di l' fè a. Se konsa pandan lontan, ni madanm lan,
ni pitit gason l' lan, ni Eli, yo tout jwenn manje pou yo
manje. 16 Te toujou gen farin frans nan ti bòl la ak lwil oliv
nan ti boutèy la, jan Seyè a te mete pawòl la nan bouch
pwofèt Eli. 17 Kèk tan apre sa, pitit gason metrès kay la
tonbe malad. Maladi a vini pi mal sou li jouk li mouri. 18
Madanm lan di Eli konsa: -Sèvitè Bondye, poukisa ou fè
m' sa? Ou vin lakay mwen pou fè Bondye chonje peche
m' yo, pou fè pitit gason m' lan mouri. 19 Eli reponn: -
Ban m' pitit la. Li pran ti gason an nan men manman l', li
moute avè l' nan pyès chanm anwo kay la kote li te rete a,
li mete l' kouche sou kabann li. 20 Apre sa, li lapriyè, li di:
-Seyè, Bondye mwen, poukisa pou ou fè vèv sa a tout
lapenn sa a? Li resevwa m' lakay li, men w'ap pran pitit li.
21 Eli kouche twa fwa sou pitit la, li lapriyè. Li di: -Seyè,
Bondye mwen, tanpri, bay pitit la lavi ankò. 22 Seyè a
koute lapriyè Eli a, li bay pitit la lavi ankò. Ti gason an
rekonmanse pran souf. 23 Eli pran ti bway la, li desann
anba avè l', li renmèt li bay manman l', li di l': -Gade! Ti
gason ou lan vivan! 24 Madanm lan reponn: -Koulye a
mwen wè se yon sèvite Bondye ou ye vre. Pawòl nan
bouch ou se pawòl Bondye vre.

18 Apre sa, kèk tan pase. Chechrès la t'ap mache sou
twazan depi li t'ap bat peyi a. Lè sa a, Seyè a pale
ak Eli, li di l' konsa: -Al parèt devan wa Akab. Mwen pral
fè lapli tonbe. 2 Eli pati pou l' al devan wa Akab. Grangou

a te rèd anpil pou moun lavil Samari yo. 3 Akab te fè rele
Abdyas ki te reskonsab palè a. Abdyas sa a te sèvi Seyè
a ak tout kè li. 4 Lè larenn Jezabèl t'ap fè touye pwofèt
Seyè yo, li menm Abdyas te sove san (100) ladan yo. Li te
kache yo nan de gwòt, li te mete senkant nan chak gwòt.
Lèfini, li ba yo manje, li ba yo bwè. 5 Akab te di Abdyas: -
Nou pral mache nan tout peyi a, nou pral gade bò tout
sous dlo, nan tout ravin kote nou ka jwenn zèb pou bay
chwal yo ak milèt yo. Konsa nou p'ap bezwen touye ladan
yo. 6 Yo separe peyi a fè de zòn, yo chak pran yon zòn
pou yo mache al chache zèb. Se konsa Akab pran yon
chemen, Abdyas pran yon lòt chemen. 7 Antan Abdyas
ap mache konsa, li tonbe bab pou bab ak Eli. Li rekonèt li,
li bese tèt li jouk atè devan li. Li mande l': -Se ou menm
vre, Eli, mèt mwen? 8 Eli reponn: -Wi, se mwen! Ale di
wa a, mèt ou a, men m' isit la! 9 Abdyas reponn: -Kisa m'
fè ki mal pou ou voye m' al chache lanmò nan men wa
Akab? 10 Mwen pran Seyè ki vivan an, Bondye ou la, pou
temwen, pa gen peyi sou latè kote wa a pa fè chache ou.
Chak fwa nan yon peyi yo di l' ou pa lakay yo, wa Akab te
fòse chèf la ak tout pèp la fè sèman yo pa t' jwenn ou. 11
Epi, koulye a ou vle pou m' al di li men ou isit la? 12 Bon,
vire m' vire do m' ale la a, si lespri Seyè a pran ou, li pote
ou yon kote m' pa konnen, lè m'a di wa Akab ou isit la, lè
l'a vini li pa wè ou, l'ap touye m'. Chonje mwen menm
m'ap sèvi Seyè a ak krentif depi mwen piti. 13 Mèt, yo pa
janm rakonte ou sa m' te fè lè Jezabèl t'ap touye pwofèt
Seyè yo? Mwen kache san (100) pwofèt nan de gwòt,
senkant nan chak gwòt, mwen ba yo manje, mwen ba yo
bwè. 14 Men koulye a ou vle pou m' al di wa a men ou isit
la! L'ap touye m'! 15 Eli reponn li: -Mwen pran Seyè m'ap
sèvi a, Bondye ki gen tout pouvwa a, pou temwen. Jòdi
a m'ap parèt devan Akab! 16 Se konsa Abdyas pati, li
jwenn Akab, li fè l' rapò. Akab vin kontre Eli. 17 Wè Akab
wè Eli, li di l': -Apa ou sa! Se ou menm k'ap rale malè sou
pèp Izrayèl la konsa! 18 Eli reponn li: -Se pa mwen ki rale
malè sou pèp Izrayèl la. Se ou menm ak tout fanmi papa
ou yo ki lakòz, paske nou dezobeyi lòd Seyè a te bay, n' al
adore zidòl Baal yo. 19 Koulye a, bay lòd pou tout moun
pèp Izrayèl yo vin sanble bò kote m' sou mòn Kamèl la.
Gen katsansenkant (450) pwofèt Baal ak katsan (400)
pwofèt zidòl fanm yo rele Astate a Jezabèl ap pran swen.
Fè yo vini tou. 20 Akab voye chache tout pèp Izrayèl la. Li
fè sanble tout pwofèt Baal yo sou mòn Kamèl la. 21 Eli al
kanpe devan pèp la, li di yo: -Kilè n'a sispann woule de
bò! Si se Seyè a ki Bondye, se li pou n' sèvi. Si se Baal ki
Bondye, se li pou n' sèvi! Men pèp la pa di yon mo. 22
Eli di yo: -Nan tout pwofèt Seyè a, se mwen menm ase
ki rete. Men gen katsansenkant (450) pwofèt Baal. 23
Mennen de jenn towo ban nou. Pwofèt Baal yo va chwazi
yonn, y'a touye l', y'a koupe l' an moso, y'a mete l' sou
yon pil bwa, men piga yo limen dife. Mwen menm m'a
fè menm jan an tou ak lòt towo a. m'a mete l' sou yon
pil bwa, mwen p'ap limen dife. 24 y'a rele bondye yo a.
Mwen menm, m'a rele Seyè a. Sa ki va voye dife pou
reponn lan se li ki Bondye. Tout pèp la reponn: -Nou dakò!
25 Lè sa a, Eli di pwofèt Baal yo: -Nou anpil, mwen ban
nou devan. Chwazi yon towo. Pare li. Lèfini, rele bondye
nou an. Men, pa mete dife nan bwa a. 26 Pwofèt Baal yo
pran towo yo ba yo a, yo pare l'. Lèfini, yo pran rele Baal
depi nan maten rive vè midi. Yo t'ap di: -Baal o! Reponn
nou non! Yo t'ap danse fè wonn lotèl yo te moute a. Pa
yon vwa, pa yon repons. 27 Vè midi, Eli tanmen pase yo
nan betiz. Li di yo: -Rele pi fò non! Se bondye li ye. Li dwe
okipe anpil. Li ka ap kalkile, osinon li nan vwayaj. Li ka ap
dòmi tou. Se pou nou leve l'. 28 Pwofèt yo pran rele pi fò.
Yo pran nepe ak kouto, yo make tout kò yo jan yo te konn
fè l' la. San t'ap koule sou yo konsa. 29 Lè midi fin pase,
yo pran rele Baal pi rèd toujou jouk lè pou yo fè ofrann
apremidi a rive. Men, ankenn vwa pa reponn! Anyen pa
pati. 30 Lè sa a, Eli mande pèp la pou yo pwoche bò
kote l'. Lè yo pwoche vin jwenn li, li rebati lotèl Seyè a
paske yo te kraze l'. 31 Li pran douz wòch, yonn pou chak
branch fanmi pitit Jakòb yo. Se Seyè a ki te bay Jakòb
non Izrayèl li pote a. 32 Li pran wòch yo, li rebati lotèl
Seyè a. Li fouye yon kannal fè wonn lotèl la. Kannal la te
ka pran kat galon dlo. 33 Li ranje bwa yo sou lotèl la,
li dekoupe towo a, li mete moso vyann yo sou bwa yo.
Lèfini li di: -Plen kat krich dlo vide yo sou ofrann lan ak
sou bwa yo. Apre yo fè sa, 34 li di yo: -Fè l' yon dezyèm
fwa. Apre yo fè l', li di yo ankò: -Fè l' yon twazyèm fwa. Yo
fè l' ankò. 35 Dlo a koule tout atè bò lotèl la, li plen kannal
la. 36 Lè lè pou yo fè ofrann apremidi a rive, pwofèt Eli
pwoche bò lotèl la, li di: -Seyè, Bondye Abraram, Bondye
Izarak ak Bondye Jakòb, fè yo wè jòdi a se ou menm ki
Bondye pèp Izrayèl la. Fè yo rekonèt se sèvitè ou mwen
ye. Se ou menm ki ban m' lòd fè tout bagay sa yo. 37
Reponn mwen, Seyè! Reponn mwen pou pèp sa a ka
konnen se ou menm Seyè a ki Bondye, pou yo rekonèt se
ou menm k'ap fè yo tounen vin jwenn ou. 38 Seyè a voye
dife soti nan syèl la, li boule ofrann lan, bwa yo, wòch yo
ak anplasman kote lotèl la te ye a, li fè tout dlo ki te nan
kannal la cheche. 39 Lè pèp la wè sa, yo tonbe fas atè,
yo pran rele: -Se Seyè a ki Bondye! Se Seyè a ki Bondye!
40 Lè sa a, Eli di yo: -Mete men sou pwofèt Baal yo! Pa
kite yonn chape. Pèp la mete men sou tout pwofèt yo. Eli
mennen yo desann nan ravin Kison an, li touye yo. 41
Apre sa Eli di wa Akab konsa: -Koulye a, ou mèt al manje,
ou mèt al bwè. Mwen tande bri lapli a k'ap vini. 42 Akab al
manje, l' al bwè. Eli menm moute sou tèt mòn Kamèl. Li
mete ajenou, li bese tèt li jouk atè. 43 Li di domestik li a: -
Al gade bò lanmè a. Domestik la ale, li gade. Li tounen, li
di: -M' pa wè anyen! Pandan sèt fwa Eli di li al gade. 44
Sou setyèm fwa a, domestik la di l': -Mwen wè yon ti nwaj
k'ap moute sot lòt bò lanmè a. Li gwosè yon pla men. Lè
sa a Eli bay domestik li a lòd sa a: -Al jwenn wa Akab, w'a
di l': Moute sou cha ou, al lakay ou anvan lapli a bare ou.
45 Yon sèl lè a, syèl la gen tan kouvri ak nwaj nwa. Van an
tanmen soufle, yon gwo lapli pran tonbe. Akab moute sou
cha li, li pati pou Jizreyèl. 46 Pouvwa Seyè a vin sou Eli.

Eli mare rad li nan ren, li pran kouri devan Akab jouk yo
rive lavil Jizreyèl.

19 Wa Akab rakonte Jezabèl, madanm li, tou sa Eli te
fè, ki jan li te touye tout pwofèt Baal yo. **2** Jezabèl
voye yon misyon bay Eli. Li voye di l': -Se ou, se mwen!
Se pou bondye yo ban m' pi gwo pinisyon ki genyen si
denmen lè konsa mwen pa fè ou tou sa ou te fè pwofèt
yo. **3** Eli vin pè. Li kouri met deyò pou l' sove lavi li. Li
pran domestik li avè l', l' ale lavil Bècheba nan peyi Jida.
Li kite domestik li a la. **4** Eli menm mache tout yon jounen
nan dezè a. Lè li rete, l' al chita anba lonbray yon ti pye
bayawonn. Li mande lanmò, li di: -M' pa kapab ankò,
Seyè! Pito m' mouri kont fini. M' pa pi bon pase zansèt
mwen yo. **5** Li lage kò l' anba pye bayawonn lan. Dòmi
pran l'. Antan l' nan dòmi an, yon zanj vin souke l', li di l'
konsa: -Leve ou manje! **6** Eli voye je l' gade bò kote l', li
wè yon ti pen plat tankou sa yo kwit sou chabon dife ak
yon krich dlo bò tèt li. Li manje, li bwè. Lèfini, li kouche,
li dòmi ankò. **7** Zanj Seyè a tounen yon dezyèm fwa, li
souke Eli, li leve l', li di l': -Leve ou manje, paske vwayaj la
pral long anpil pou ou. **8** Eli leve, li manje, li bwè. Manje
a ba li kont fòs kouraj pou li mache pandan karant jou,
karant nwit jouk li rive sou mòn Orèb, mòn Bondye a. **9**
Lè li rive, li antre nan yon gwòt, li pase nwit lan la. Seyè
a pale ak Eli ankò, li di li: -Eli, sa w'ap fè la a? **10** Eli
reponn: -Seyè, Bondye ki gen tout pouvwa, mwen renmen
ou anpil, mwen pa ka wè sa pèp Izrayèl la ap fè ou la. Li
pa kenbe kontra li te pase avè ou la, li kraze lotèl ou yo, li
touye tout pwofèt ou yo. Se mwen menm sèl ki rete. Men
y'ap chache touye m'. **11** Seyè a di li: -Soti, vin kanpe
devan Seyè a sou tèt mòn lan. M' pral pase! Seyè a vin ap
pase. Yon gwo van vin leve, li pran vante byen fò, li fann
mòn yo, li pete wòch yo devan Seyè a. Men Seyè a pa t'
nan van an. Lè van an kase, tè a pran tranble, men Seyè
a pa t' nan tranbleman tè a. **12** Lè tè a sispann tranble, te
gen yon dife, men Seyè a pa t' nan dife a. Apre dife a,
yon ti bri tou piti fèt, yon ti briz tou fèb vin ap soufle. **13** Lè
Eli tande l', li kouvri tèt li ak gwo rad li, li soti, li kanpe
devan gwòt la. Li tande yon vwa ki di l': -Eli, sa w'ap fè isit
la? **14** Eli reponn: -Seyè, Bondye ki gen tout pouvwa a,
mwen renmen ou anpil, mwen pa ka wè sa pèp Izrayèl la
ap fè ou la. Li pa kenbe kontra li te pase avè ou la. Li
kraze lotèl ou yo. Li touye tout pwofèt ou yo. Se mwen
menm sèl ki rete. Men y'ap chache touye m'. **15** Seyè a di
li: -Ale non! Pran menm wout ou te pase nan dezè a pou
vini isit la, tounen lavil Damas. W'a antre lavil Damas, w'a
pran Azayèl, w'a mete l' wa peyi Siri nan non mwen. **16**
Apre sa, w'a ale lakay Jeou, pitit gason Nimchi a, w'a
mete l' wa peyi Izrayèl nan non mwen. Lèfini, w'a pran
Elize, pitit gason Chafat, moun lavil Abèl Meola a, w'a
mete l' apa nan non mwen pou l' sèvi pwofèt nan plas
ou. **17** Tout moun ki va chape anba men Azayèl va tonbe
anba men Jeou. Tout moun ki va chape anba men Jeou
va tonbe anba men Elize. **18** Men m'ap kite sètmil (7.000)
moun vivan nan peyi Izrayèl la. Se moun ki pa t' mete
ajenou devan Baal pou sèvi li, ni ki pa t' bo estati li yo.
19 Eli pati. Li jwenn Elize, pitit gason Chafat la, ki t'ap
raboure yon jaden avèk douz pè bèf. Elize t'ap raboure
dènye pòsyon tè a ak douzyèm pè bèf la lè Eli pwoche bò
kote l'. Eli wete gwo rad ki te sou li a, li voye l' sou Elize.
20 Menm lè a, Elize kite bèf li yo, li kouri dèyè Eli. Li di
l' konsa: -Kite m' al di manman m' ak papa m' orevwa
anvan. Apre sa m'a swiv ou. Eli reponn li: -Ou mèt tounen
tounen ou. M' pa rete ou, mwen menm! Kisa m' fè ou la
a? **21** Elize kite Eli, li tounen tounen l', li pran yon pè bèf,
li touye yo. Li pran bwa jouk yo, li limen dife, li kwit vyann
lan. Li bay moun ki te avè l' yo pou yo manje. Lèfini, li pati
al jwenn Eli, li rete avè l'.

20 Bennadad, wa peyi Siri a, reyini tout lame li a.
Trannde lòt wa, avèk tout chwal yo ak cha lagè yo,
vin mete tèt ansanm avè l'. Bennadad mache sou lavil
Samari. Li sènen l', li atake l'. **2** Li voye mesaje anndan
lavil la bò kote Akab, wa peyi Izrayèl la, **3** pou di li: -Wa
Bennadad voye di ou tout bagay ou gen an lò ak an ajan
se pou li yo ye. Tout madanm ou yo ak tout pi bon pitit
gason ou yo se pou li yo ye tou. **4** Wa Akab reponn: -Di
wa Bennadad, mèt mwen, se jan li vle! Li mèt pran m'
ansanm ak tou sa m' genyen. **5** Mesaje yo tounen ankò
vin di Akab: -Men sa Bennadab voye di ou: M' te voye
mande ou pou ou ban mwen tou sa ou gen an lò ak an
ajan, tout madanm ak tout pitit gason ou yo. **6** Koulye a,
denmen vè lè konsa, m'ap voye moun pa m' yo pou yo
fouye palè ou la ak kay tout moun pa ou yo, pou yo pran
tou sa y'a jwenn ki gen valè nan je yo. **7** Wa Akab fè rele
tout chèf fanmi ki nan peyi a, li di yo konsa: -Jan nou wè
l' la, nonm sa a soti pou l' pran tou sa nou genyen. Li
te voye mande m' madanm mwen yo, pitit gason m' yo
ak tout bagay an lò ak an ajan mwen genyen. Mwen pa
refize l' anyen. **8** Chèf fanmi yo ansanm ak pèp la di l'
konsa: -Pa koute l', pa dakò avè l'! **9** Lè sa a, Akab di
mesaje Bennadab yo: -Ale di mèt mwen, wa Bennadab,
m' te dakò ak sa li te mande m' premye fwa a. Men, sa l'
mande fwa sa a, m' pa ka fè l'. Mesaje yo pati, y' al pote
repons lan bay Bennadad. **10** Bennadab voye yo tounen
al di Akab: -M'ap vini ak anpil moun pou m' kraze lavil
Samari. p'ap gen ase demoli pou m' bay chak moun ki
avè m' yo ti kras pou yo pote ale sitèlman y'ap anpil. Si m'
pa fè sa, se pou bondye yo ban m' pi gwo pinisyon ki
genyen **11** Wa Akab voye reponn li: -Yon sòlda pa fèt pou
l' ap vante tèt li anvan l' al goumen. **12** Bennadad t'ap
bwè ak lòt wa yo anba tant yo lè yo pote repons Akab la
ba li. Lamenm, li bay moun pa l' yo lòd pou yo mache sou
lavil Samari. Se konsa, y' al pare pou atake. **13** Lè sa a,
yon pwofèt Bondye vin jwenn Akab, li di l' konsa: -Men sa
Seyè a voye di ou: Ou wè tout kantite sòlda sa yo? Enben,
mwen pral lage yo nan men ou jòdi a, konsa w'a konnen
se mwen menm ki Seyè a. **14** Akab mande l': -Ki moun
ou pral fè lage yo nan men m' jòdi a? Pwofèt la reponn
li: -Seyè a voye di ou se jenn sòlda ki sou lòd gouvènè

pwovens yo ki pral fè l'. Wa mande ankò: -Ki moun ki pral
atake anvan? Pwofèt la reponn: -Ou menm. **15** Lamenm,
wa a fè rele jenn sòlda ki te sou lòd gouvènè pwovens yo.
Li jwenn desantrannde (232) sòlda antou. Apre sa, li fè
rele tout lame pèp Izrayèl la, li jwenn sètmil (7.000) gason.
16 Vè midi, yo soti al atake pandan Bennadad ansanm ak
trannde lòt wa ki t'ap mache avè l' yo t'ap bwè anba tant
yo. **17** Se jenn sòlda yo ki t'ap mache devan. Bennadad
te voye al wè jan sa ye bò kay moun pèp Izrayèl yo. Yo
vin di li yo wè yon gwoup sòlda ki t'ap soti lavil Samari.
18 Lè sa a, li di: -M' pa bezwen konnen si y'ap vin pou
goumen osinon pou mande lapè, kenbe yo vivan mennen
ban mwen. **19** Jenn sòlda gouvènè yo soti nan lavil la pou
al atake. Yo t'ap mache devan, rès lame a t'ap swiv yo. **20**
Yo chak yo touye moun ki te vin pou goumen ak yo a.
Moun peyi Siri yo pran kouri, moun Izrayèl yo menm t'ap
kouri dèyè yo. Bennadad menm resi chape kò l' sou chwal
ansanm ak kèk lòt kavalye. **21** Wa Akab vin atake lè sa a,
li touye chwal moun Siri yo, li kraze cha lagè yo. Li bat
moun Siri yo byen bat. **22** Apre sa, pwofèt la al jwenn wa
Akab, li di l' konsa: -Ou mèt tounen koulye a, mete lame
ou la anfòm. Kalkile byen sou sa ou pral fè, paske nan
ennan, dat pou dat, wa peyi Siri a ap tounen vin atake
ou ankò. **23** Chèf ki te avèk wa Bennadad yo vin di l': -
Bondye pèp Izrayèl yo se bondye mòn yo ye. Se poutèt
sa yo bat nou jan yo bat nou an. Men, si nou goumen ak
yo nan tè plat, wè pa wè, n'ap bat yo. **24** Koulye a, men
sa ou pral fè. Wete kòmandman an nan men lòt wa yo,
mete chèf pa ou nan plas yo. **25** Ou menm ou pral moute
yon gwo lame tankou lame ou pèdi a, ak menm kantite
chwal ak cha lagè ou te gen anvan an. Nou pral goumen
ak moun pèp Izrayèl yo nan plenn. W'ap wè fwa sa a n'ap
bat yo. Wa Bennadad dakò, li fè sa chèf yo te di l' fè a. **26**
Ennan apre, dat pou dat, li reyini tout sòlda moun peyi Siri
yo, li mennen yo jouk lavil Afèk pou y' al atake moun peyi
Izrayèl yo. **27** Akab reyini tout lame pèp Izrayèl la, li ba
yo zam ak pwovizyon. Yo soti al kontre moun Siri yo. Yo
separe fè de gwoup, yo moute kan yo devan lame moun
Siri yo. Sòlda peyi Izrayèl yo te sanble ak de ti bann kabrit
devan lame moun Siri a menm ki te kouvri tout peyi a. **28**
Yon pwofèt Bondye vin jwenn Akab, wa Izrayèl la, li di l'
konsa: -Men mesaj Seyè a voye ba ou: Paske moun Siri
yo di se yon bondye mòn mwen ye, mwen pa konn tè
plat, mwen pral lage tout gwo lame sa a nan men ou.
Konsa w'a konnen se mwen menm ki Seyè a. **29** Pandan
sèt jou, moun Siri yo ak moun Izrayèl yo rete nan kan yo,
yonn anfas lòt. Sou setyèm jou a yo konmanse goumen.
Moun Izrayèl yo touye sanmil (100.000) moun Siri. **30** Sa
ki chape yo kouri ale lavil Afèk. Lè yo rive la, miray lavil la
tonbe sou yo, li touye vennsètmil (27.000) sòlda ki te rete
yo. Bennadad tou te chape kò l' nan lagè a. Li antre nan
yon kay, l' al kache nan yon pyès jouk nan fon. **31** Moun
pa l' yo vin jwenn li, yo di l' konsa: -Nou tande jan wa peyi
Izrayèl yo se moun ki gen bon kè. Ban nou otorizasyon
pou n' al jwenn wa peyi Izrayèl la. N'ap mete rad sak sou
nou tankou moun yo fè prizonye. Ou pa janm konnen li
ka sove lavi ou. **32** Se konsa yo mete rad sak sou yo
tankou moun ki nan lapenn, yo plòtonnen moso kòd nan
kou yo, y' al jwenn Akab, yo di l' konsa: -Bennadad voye
di ou, monwa, se esklav ou li ye. Tanpri, pa touye l'. Akab
reponn: -An! Msye vivan toujou. Mwen byen kontan! Se
yon frè li ye pou mwen wi! **33** Moun Bennadad yo pran sa
pou yon bon siy, yo repete pawòl ki te fèk sot nan bouch
wa a, yo di l' konsa: -Bennadad, se frè monwa! Akab
reponn: -Al chache l' mennen ban mwen! Bennadad soti
kote l' te ye a, li parèt devan Akab, Akab fè l' moute sou
cha pa l' ansanm avè l'. **34** Bennadad di li: -M'ap renmèt
ou tout lavil papa m' te pran nan men papa ou yo. Ou mèt
louvri boutik nan lavil Damas pou vann, menm jan papa
m' te fè l' lavil Samari. Akab reponn li: -Si se konsa, w'ap
pase yon kontra avè m', mwen menm m'ap kite ou al fè
wout ou. Akab pase yon kontra avèk Bennadad, lèfini
li kite l' al fè wout li. **35** Nan menm epòk sa a, Seyè a
pale ak yon pwofèt nan gwoup pwofèt li yo. Li ba li lòd
pou li mande yon lòt pwofèt ba l' kou. Men lòt pwofèt la
derefize. **36** Lè sa a, premye pwofèt la di l' konsa: -Poutèt
ou derefize obeyi lòd Seyè a, separe n'a separe, yon lyon
ap touye ou. Konsa vre, ale premye pwofèt la ale, yon
lyon vin rive, li touye lòt pwofèt la. **37** Apre sa, premye
pwofèt la kontre yon lòt moun, li mande l' pou li ba l' kou.
Nonm lan frape l' byen fò, jouk li mete san l' deyò. **38**
Lèfini, pwofèt la kouvri figi l' ak yon moso twal pou moun
pa rekonèt li, l' al kanpe bò wout la ap tann wa a pase. **39**
Lè wa a vin ap pase, pwofèt la pran pale byen fò, li di
konsa: -Monwa, mwen te nan mitan batay la, mwen t'ap
goumen lè yon sòlda mennen yon lènmi li te fè prizonye.
Li di m' konsa: Veye msye pou mwen. Si ou kite l' chape
anba men ou, m'ap touye ou osinon w'ap peye twamil
(3.000) pyès an ajan pou li. **40** Men, monwa, pandan
m' okipe ap fè lòt bagay, prizonye a sove. Wa Izrayèl la
di l' konsa: -Se ou menm ki kondannen tèt ou, lèfini ou
tou di sa ou gen pou peye pou sa ou fè a! **41** Pwofèt la
prese wete moso twal ki te bouche figi l' la. Lamenm wa a
rekonèt se yonn nan pwofèt yo. **42** Pwofèt la di wa a: -
Men mesaj Seyè a voye di ou: Poutèt ou kite moun mwen
te bay lòd pou yo touye a chape, se ou menm ki pral peye
pou li. Ou pral mouri. Se lame ou ki pral peye pou lame pa
l'. Yo pral mouri. **43** Se konsa, wa peyi Izrayèl la tounen
lakay li lavil Samari, li te boulvèse, men li byen mare.

21 Apre tout bagay sa yo, men sa ki rive: Nan lavil
Jizreyèl, toupre palè wa Akab la, te gen yon jaden
rezen ki te pou yon nonm yo te rele Nabòt. **2** Yon jou, wa
Akab di Nabòt konsa: -Ban m' jaden rezen ou lan pou
m' ka fè yon jaden legim. Li toupre kay mwen. m'a ba
ou yon lòt jaden rezen ki pi bon pase sa a. Osinon si ou
pito, m'a ba ou yon bon pri pou li. **3** Men, Nabòt reponn
Akab: -Se tè eritaj li ye. Dapre lalwa Seyè a, mwen pa
gen dwa vann ou li. **4** Akab al lakay li men li byen mare.
Li te fache poutèt Nabòt te di l' li p'ap vann byen eritaj li
a. Li moute kabann, li kouche, li bay figi l' nan panno, li

derefize manje. 5 Jezabèl, madanm li, vin bò kote l'. Li
mande l': -Sa ou genyen ou move konsa? Poukisa ou pa
manje? 6 Akab reponn, li di li: -M' pale ak Nabòt, nonm
Jizreyèl la. Mwen mande l' pou l' vann mwen jaden rezen
l' lan, osinon si li pito, m'a ba li yon lòt pou li. Men, li di m'
li p'ap ban mwen jaden l' lan. 7 Jezabèl di li: -Kouman! Se
pa ou ki wa nan peyi Izrayèl la ankò? Leve non, monchè!
Manje manje ou, fè kè ou kontan. Mwen pral ba ou jaden
rezen Nabòt la. 8 Jezabèl ekri kèk lèt, li siyen non Akab
anba yo, li sele yo ak so wa a, epi li voye yo bay chèf
fanmi ak otorite ki rete lavil Jizreyèl menm kote ak Nabòt.
9 Men sa li voye di yo nan lèt yo: Sanble tout moun pou
yon sèvis jèn. Mande Nabòt pou li dirije sèvis la. 10 Lèfini,
jwenn de vakabon, fè yo vin kanpe devan l' pou yo akize
l'. y'a di li derespekte Seyè a ansanm ak wa a. Lè sa a,
n'a pran Nabòt, n'a trennen l' andeyò limit lavil la, n'a
kalonnen l' wòch jouk li mouri. 11 Chèf fanmi yo ak otorite
lavil Jizreyèl yo fè tou sa Jezabèl ba yo lòd fè nan lèt yo.
12 Yo fè konnen yo pral fè sèvis jèn. Yo fè tout pèp la
sanble, yo mete Nabòt devan pou dirije sèvis la. 13 De
vakabon vin rive, yo kanpe devan Nabòt, yo akize msye
devan tout pèp la. Yo di li derespekte Bondye ansanm ak
wa a. Lamenm, yo pran Nabòt, yo mennen l' andeyò limit
lavil la, yo kalonnen li wòch jouk li mouri. 14 Apre sa, yo
voye di Jezabèl: -Nou kalonnen Nabòt wòch, li mouri. 15
Resevwa Jezabèl resevwa nouvèl lanmò Nabòt, l' al di
Akab: -Leve non. Al pran jaden rezen Nabòt, nonm lavil
Jizreyèl la, pou ou, jaden li te refize vann ou an. Nabòt pa
nan moun isit ankò, li mouri. 16 Lè wa Akab tande Nabòt,
nonm lavil Jizreyèl la, te mouri, l' ale, li pran jaden rezen
an pou li. 17 Lè sa a, Seyè a pale ak Eli, pwofèt lavil
Tichbe a, li di l' konsa: 18 -Al jwenn wa Akab nan peyi
Samari. W'ap jwenn li koulye a nan jaden rezen Nabòt la.
Li vin pran l' pou li. 19 W'a di li men mesaj Seyè a voye
ba li: Ou fin touye Nabòt, koulye a ou soti pou pran jaden
rezen l' lan! Apre sa, w'a di l' ankò men sa Seyè a voye di
ou: Menm kote chen te niche san Nabòt la, chen gen pou
yo niche san pa ou tou. 20 Lè Akab wè Eli, li di l' konsa: -
Enben, lènmi mwen, ou jwenn mwen jòdi a! Eli reponn, li
di l': -Wè! Mwen jwenn ou paske se renk move bagay w'ap
plede fè devan Seyè a. 21 Men mesaj Seyè a voye ba ou:
M'ap voye yon gwo malè sou ou. Mwen pral disparèt ou.
Mwen pral touye dènye gason, granmoun kou timoun,
nan fanmi ou. 22 Sa ki te rive fanmi wa Jewoboam, pitit
Nebat la, ak fanmi wa Bacha, pitit Akija a, se sa ki pral
rive fanmi pa ou la tou. Se mwen menm k'ap fè sa paske
ou fè m' fache anpil, lèfini se ou ki lakòz pèp Izrayèl la ap
fè sa ki mal. 23 Men sa Seyè a di sou Jezabèl: Chen
gen pou manje kadav li nan mitan lavil Jizreyèl. 24 Chen
pral manje kadav tout moun nan fanmi Akab ki va mouri
anndan lavil la. Malfini karanklou va manje kadav tout
moun nan fanmi an ki va mouri andeyò limit lavil la. 25 Pa
janm gen pesonn mechan tankou Akab. Li te lage kò l'
nèt nan fè sa ki mal devan Seyè a. Li te kite madanm li,
Jezabèl, pran tèt li. 26 Li te fè bagay ki lèd nèt, l' al fè
sèvis pou vye zidòl tankou moun Amori yo te fè l' la. Se
moun Amori sa yo Seyè a te mete deyò nan peyi a pou fè
plas pou moun Izrayèl yo. 27 Lè Eli fin pale, Akab pran
lapenn, li chire rad sou li, li mete yon rad sak, li rete san
manje. Ata dòmi li dòmi ak rad sak la sou li. Li t'ap mache
kagou. 28 Apre sa, Seyè a pale ak Eli, moun lavil Tichbe
a, li di l' konsa: 29 -Ou wè jan Akab vin dou nan pye m'!
Paske li fè sa, m'ap tann li mouri anvan m' voye malè a
sou fanmi li. Se va pandan rèy pitit gason l' lan m'a voye
malè sou fanmi l'.

22 Pandan twazan, pa t' gen lagè ant peyi Izrayèl ak
peyi Siri. 2 Men nan twazyèm lanne a, Jozafa, wa
peyi Jida a, al vizite Akab, wa peyi Izrayèl la. 3 Wa Izrayèl
la di chèf li yo: -Nou konnen lavil Ramòt ki nan peyi
Galarad la se pou nou li ye. Poukisa nou pa fè anyen pou
nou reprann li nan men wa peyi Siri a? 4 Lèfini li mande
Jozafa: -Eske w'ap vin avè m' pou atake lavil Ramòt nan
peyi Galarad la? Jozafa reponn li: -Mwen menm ak tout
sòlda mwen yo ak kavalye mwen yo, nou avè ou ansanm
ak pèp ou a: se yonn lan nou ye. 5 Apre sa, Jozafa di
Akab, wa peyi Izrayèl la: -Annou mande Seyè a sa li di
nan sa. 6 Se konsa Akab reyini katsan (400) pwofèt li
yo, li mande yo: -Eske se pou m' al atake lavil Ramòt
nan peyi Galarad la, osinon èske se pou m' kite sa? Yo
reponn li: -Atake l', monwa! Seyè a ap lage l' nan men ou.
7 Lè sa a, Jozafa di konsa: -Pa gen lòt pwofèt nou ta ka
mande si se volonte Seyè a pou n' al fè sa vre? 8 Akab
reponn: -Gen yon lòt pwofèt ankò ki ta ka fè sa pou nou.
Se Miche, pitit gason Jimla a. Men, m' rayi l', paske li pa
janm di anyen ki pou bon pou mwen. Li toujou wè malè
pou mwen. Jozafa reponn: -Pa di sa, monchè! 9 Se konsa
Akab rele yonn nan nèg konfyans li yo, li di li: -Prese al
chache Miche, pitit gason Jimla a, pou mwen. 10 Wa peyi
Izrayèl la ak Jozafa, wa peyi Jida a, te chita, yo chak sou
fotèy pa yo ak bèl rad wa yo sou yo, sou gwo glasi ki
bò pòtay lavil Samari a sou deyò. Tout pwofèt yo te la
devan yo ap bay mesaj pa yo. 11 Yonn ladan yo te rele
Sedesyas. Se te pitit Kenana. Li fè fè de kòn an fè. Li di: -
Men sa Seyè a di: Avèk kòn sa yo, ou pral atake moun
Siri yo, ou pral fini ak yo. 12 Tout lòt pwofèt yo t'ap bay
menm mesaj la tou. Yo t'ap di: -Ou mèt al atake Ramòt
nan peyi Galarad. W'ap bon. Seyè a ap lage lavil la nan
men ou. 13 Mesaje ki te pati al rele Miche a di Miche
konsa: -Tout lòt pwofèt yo te pale anfavè wa a. Ranje kò
ou pou pale tankou yo tout. Pale anfavè wa a. 14 Men,
Miche reponn li: -Mwen pran Seyè a, Bondye vivan an,
sèvi m' temwen. Sa Seyè a va di m' di se sa m'a di. 15 Lè
Miche rive devan wa a, wa a di l' konsa: -Miche, èske se
pou m' al atake lavil Ramòt nan peyi Galarad, osinon èske
sè pou m' kite sa? Miche reponn: -Ou mèt al atake Ramòt
nan peyi Galarad. W'ap bon. Seyè a ap lage lavil la nan
men ou. 16 Men Akab di li: -Konbe fwa pou m' di ou lè
w'ap pale avè m' nan non Seyè a se pou di m' laverite?
17 Lè sa a, Miche reponn li: -Mwen wè tout sòlda pèp

Izrayèl yo gaye toupatou sou mòn yo, tankou yon bann
mouton san gadò. Seyè a di: Moun sa yo san chèf. Kite
yo tounen lakay yo ak kè poze. **18** Akab, wa peyi Izrayèl
la, di Jozafa: -Mwen pa t' di ou li pa janm di anyen ki bon
pou mwen. Li toujou wè malè pou mwen. **19** Miche pran
lapawòl ankò li di: -Bon! Koute mesaj Seyè a. Mwen te wè
Seyè a chita sou fotèy li nan syèl la, avèk tout zanj li yo
kanpe bò kote l', sou bò dwat ak sou bò gòch li. **20** Seyè
a t'ap mande ki moun ki vle al pran tèt Akab pou l' al fè yo
touye l' lavil Ramòt. Gen zanj ki di yon bagay, gen lòt zanj
ki di yon lòt bagay. **21** Se lè sa a, yon lespri vanse devan
Seyè a, li di: Mwen pral pran tèt li. **22** Seyè a mande l': Ki
jan? Lespri a reponn: Mwen pral mete pawòl manti nan
bouch pwofèt Akab yo. Seyè a di l': W'a pran tèt li vre
konsa. Ou mèt al fè jan ou di a. **23** Koulye a, ou konnen si
Seyè a te mete yon lespri mantò sou pwofèt ou yo pou
yo ba ou manti, se paske li pran desizyon pou l' fini avè
ou. **24** Lè sa a, Sedesyas, pitit Kenana a, mache sou
Miche, li flanke li yon souflèt. Epi li di l': -Depi kilè lespri
Bondye a kite m' pou se nan bouch ou l'ap pale a? **25**
Miche reponn li: -W'a konn sa lè w'a kouri pase soti nan
yon chanm antre nan yon lòt pou al kache jouk nan fon!
26 Se konsa, wa Akab pase yon lòd, li di: -Pran Miche.
Mennen l' bay Amon, gouvènè lavil la, ak Joas, pitit wa a.
27 Di yo mwen bay lòd pou yo mete l' nan prizon, pou yo
ba li renk pen ak dlo jouk m'a tounen soti nan lagè a san
danje ni malè. **28** Lè sa a, Miche di: -Si ou tounen soti
nan lagè a san danje ni malè vre, w'a konnen Seyè a
pa t' pale nan bouch mwen. Lèfini, li di: -Nou tout pèp
yo, koute sa m' di la a wi! **29** Se konsa Akab, wa peyi
Izrayèl la ansanm ak Jozafa, wa peyi Jida a, moute al
atake lavil Ramòt nan peyi Galarad. **30** Akab di Jozafa
konsa: -Mwen pral mete yon lòt rad sou mwen anvan m'
al goumen an, pou moun pa rekonèt mwen. Ou menm, ou
mèt mete rad wa ou sou ou. Se konsa wa peyi Izrayèl la
chanje rad sou li pou moun pa rekonèt li. Apre sa, l' al
goumen. **31** Men, wa peyi Siri a te bay trannde chèf ki
t'ap kòmande cha lagè yo pou yo pa atake pesonn pase
wa peyi Izrayèl la. **32** Se konsa, lè kòmandan cha lagè yo
wè Jozafa, yo tout te konprann se li ki te wa peyi Izrayèl
la. Yo vire sou li pou atake l'. Men, Jozafa rele anmwe. **33**
Lè mesye yo tande sa, yo wè se pa t' wa peyi Izrayèl
la. Yo rete sou sa yo te vle fè a. **34** Lè sa a, yon sòlda
peyi Siri a rete konsa li voye yon flèch. Flèch la al pran
Akab, wa Izrayèl la, nan fant rad lagè ki te sou li a. Wa a
di sòlda ki t'ap mennen cha li a: -Kase tèt tounen. Annou
kite batay la, paske mwen blese grav. **35** Jou sa a, batay
la te makònen anpil. Wa Akab menm te blije rete kanpe
sou cha li a ap gade moun peyi Siri yo. San t'ap koule soti
kote li te blese a, li sal tout anndan cha a. Rive aswè, li
mouri. **36** Lè solèy pral kouche, yon vwa pran pale nan
zòrèy sòlda pèp Izrayèl yo, li t'ap di: -Chak moun al nan
peyi yo, chak moun al lakay yo, **37** paske wa a mouri.
Apre sa, yo mennen kadav wa a lavil Samari. Se la yo
antere l'. **38** Y' al lave cha wa a nan basen Samari a, kote
jennès yo konn al benyen an. Chen vin niche san Akab la
jan Seyè a te di sa t'ap rive a. **39** Tout rès istwa Akab la
ansanm ak tou sa li te fè, bèl palè ivwa ak lavil li te bati
yo, n'a jwenn tou sa ekri nan liv Istwa wa peyi Izrayèl yo.
40 Lè Akab mouri, se pitit li, Okozyas ki moute wa nan
plas li. **41** Akab te gen katran depi li t'ap gouvènen peyi
Izrayèl la lè Jozafa, pitit Asa a, moute sou fotèy wa peyi
Jida a. **42** Lè sa a, li te gen trannsenkan sou tèt li. Li pase
vennsenkan ap gouvènen lavil Jerizalèm. Manman li te
rele Azouba. Se te pitit fi Chilki. **43** Jozafa li menm te swiv
Asa, papa l', pye pou pye nan tou sa l' te fè. Li te fè sa ki
dwat devan Seyè a. Tansèlman, tanp zidòl yo te la toujou
nan peyi a, kifè pèp la pa t' sispann fè sèvis, touye bèt pou
zidòl yo. **44** Jozafa te siyen lapè ak wa peyi Izrayèl la. **45**
n'a jwenn rès istwa Jozafa a nan liv Istwa wa peyi Jida yo.
Se la yo rakonte jan li te yon vanyan sòlda, ak tout lagè li
te fè yo, **46** jan li disparèt rès gason ak fanm ki t'ap fè
jennès nan kay zidòl yo toujou depi sou rèy Asa, papa l'.
47 (Lè sa a, pa t' gen wa nan peyi Edon. Se yon gouvènè
wa Jida a te mete pou gouvènen yo.) **48** Jozafa te fè fè
kèk gwo batiman, tankou batiman moun Tasis yo, pou al
chache lò nan peyi Ofi. Men, batiman yo pa janm rive al
fè vwayaj la, paske yo kraze bò Ezyongebè. **49** Lè sa a,
Okozyas, pitit Akab la, ofri pou maren peyi Izrayèl yo ale
ansanm ak maren peyi Jida yo sou batiman pa yo. Men,
Jozafa derefize. **50** Lè Jozafa mouri, yo antere l' nan Lavil
David, zansèt li a. Se pitit li, Joram, ki moute sou fotèy la
nan plas li. **51** Jozafa t'ap mache sou disetan depi li te wa
peyi Jida a, lè Okozyas, pitit Akab, moute sou fotèy wa
peyi Izrayèl la. Li pase dezan ap gouvènen peyi Izrayèl la
lavil Samari. **52** Li fè sa ki mal nan je Seyè a. Li swiv
egzanp papa l' ak manman l'. Li fè tankou Jewoboram,
pitit gason Nebat la, ki te lakòz moun pèp Izrayèl yo fè sa
ki mal. **53** Li sèvi Baal, li adore l' tankou papa l' te fè a. Se
konsa li te fè Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, fache anpil.

2 Wa

1 Apre lanmò Akab, wa peyi Izrayèl la, peyi Moab pran
lèzam kont moun Izrayèl yo. **2** Okozyas, wa peyi
Izrayèl la, pran yon so, li soti nan balkon lakay li, li tonbe
sou twati palè li lavil Samari. Li fraktire nan tout kò l'. Li
voye moun al pale ak Baalzeboub, bondye moun Filisti yo
ki te gen tanp li lavil Ekwon, pou konnen si l'ap refè. **3**
Men, zanj Seyè a pale ak pwofèt Eli, moun lavil Tichbe
a, li di l' konsa: —Leve al kontre mesaje Okozyas, wa
peyi Samari a. W'a mande yo si pa gen Bondye nan peyi
Izrayèl la kifè yo pral pale ak Baalzeboub, bondye lavil
Ekwon an. **4** W'a di yo tou men mesaj Seyè a voye bay
wa a: Li p'ap leve sou kabann kote li kouche a paske li
pral mouri. Eli leve, li fè sa Seyè a te mande l' fè a. **5**
Lè mesaje yo tounen al jwenn wa a, wa a mande yo:
—Poukisa nou tounen? **6** Yo reponn li: —Paske nou
kontre ak yon nonm sou wout nou ki di nou: Tounen al
jwenn wa ki te voye nou an. N'a di li: Men mesaj Seyè a
voye ba li: Kouman? Pa gen Bondye nan peyi Izrayèl la
kifè ou voye moun al pale ak Baalzeboub, bondye lavil
Ekwon an? Poutèt sa ou fè a, ou p'ap leve sou kabann
kote ou kouche a, ou pral mouri. **7** Wa a mande yo:
—Moun ki te vin kontre nou an epi ki di nou tout pawòl sa
yo, ki jan li te ye? **8** Msye yo reponn li: —Li te gen yon
gwo rad fèt ak po bèt sou li ak yon sentiwon po bèt mare
nan ren l'. Wa a di: —Se Eli, moun lavil Tichbe a. **9** Li
voye yon kaptenn ak senkant sòlda al chache Eli. Lè yo
rive, yo jwenn Eli chita sou tèt yon ti mòn. Yo di li konsa:
—Sèvitè Bondye, wa a pase ou lòd pou ou desann. **10** Eli
reponn: —Si m' se yon sèvitè Bondye vre, se pou dife
soti nan syèl la tonbe ni sou ou ni sou sòlda ou yo pou
l' kankannen nou! Lamenm, yon dife soti nan syèl la, li
kankannen ni kaptenn lan ni senkant sòlda li yo. **11** Wa
voye yon lòt kaptenn ak senkant lòt sòlda. Lè yo rive, yo
di Eli: —Sèvitè Bondye, wa a voye di ou desann koulye a
san pèdi tan. **12** Eli reponn: —Si m' se yon sèvitè Bondye
vre, se pou dife soti nan syèl la tonbe ni sou ou ni sou
senkant sòlda ou yo pou l' kankannen nou. Lamenm,
yon dife soti nan syèl la, li kankannen ni kaptenn lan ni
senkant sòlda li yo. **13** Fwa sa a ankò, wa a voye yon lòt
kaptenn avèk senkant lòt sòlda. Lè kaptenn lan rive, li
moute jouk kote Eli te ye a, li mete ajenou devan Eli, li
di l' konsa: —Tanpri, sèvitè Bondye! Pityе pou mwen ak
senkant sòlda mwen yo. Nou la pou rann ou nenpòt sèvis.
Sove lavi nou! **14** Dife soti nan syèl la, li tonbe sou de
lòt kaptenn yo ak tout sòlda ki te avèk yo! Tanpri, pityе
pou mwen. **15** Lè sa a, zanj Seyè a di Eli konsa: —Ou
mèt ale ak msye. Ou pa bezwen pè l'. Eli leve, li desann
ak kaptenn lan, l' al jwenn wa a. **16** Li di wa a konsa:
—Men mesaj Seyè a voye ba ou: Paske ou voye moun al
pale ak Baalzeboub, bondye lavil Ekwon an, tankou si pa
gen Bondye nan peyi Izrayèl la ou ta ka al wè, ou p'ap
janm leve sou kabann kote ou kouche a, ou pral mouri.
17 Okozyas mouri vre, jan Seyè a te di l' la nan bouch Eli.
Okozyas pa t' gen pitit gason. Se Joram, frè li, ki moute
sou fotèy la nan plas li. Lè sa a, Joram, pitit gason Jozafa
a, t'ap mache sou dezan depi li t'ap gouvènen nan peyi
Jida. **18** Tout rès istwa Okozyas la ansanm ak tou sa li te
fè, n'a jwenn yo ekri nan liv Istwa wa peyi Izrayèl yo.

2 Lè a te rive pou Seyè a te fè Eli moute nan syèl nan
yon toubouyon. Eli ak Elize pati ansanm, yo kite lavil
Gilgal. **2** Eli di Elize konsa: —Ou mèt rete isit la tande,
paske Seyè a ban m' lòd pou m' al Betèl. Men, Elize
reponn li: —Mwen pran ou menm ansanm ak Seyè ki
vivan an pou temwen, mwen p'ap kite ou ale pou kont
ou. Se konsa yo pati ansanm pou lavil Betèl. **3** Men, yon
gwoup pwofèt ki te rive lavil Betèl vin kontre Elize, yo di l'
konsa: —Ou pa konnen Seyè a pral pran mèt ou a jòdi a?
Elize reponn yo: —Mwen konn sa wi. Men nou menm,
nou pa bezwen di anyen ankò! **4** Apre sa, Eli di Elize:
—Koulye a ou mèt rete isit la tande, paske Seyè a te ban
m' lòd pou m' al Jeriko. Men, Elize reponn li: —Mwen pran
ou menm ansanm ak Seyè ki vivan an pou temwen, mwen
p'ap kite ou ale pou kont ou. Se konsa yo pati ansanm
pou lavil Jeriko. **5** Yon gwoup pwofèt ki te rete lavil Jeriko
vin kontre Elize, yo di l' konsa: —Ou pa konnen Seyè a
pral pran mèt ou a jòdi a? Elize reponn: —Mwen konn sa
wi! Men nou menm, nou pa bezwen di anyen ankò. **6**
Apre sa, Eli di Elize: —Koulye a ou mèt rete isit la tande,
paske Seyè a ban m' lòd pou m' al bò larivyè Jouden.
Men, Elize reponn li: —Mwen pran ou menm ansanm
ak Seyè ki vivan an pou temwen, mwen p'ap kite ou ale
pou kont ou. Se konsa yo pati ansanm ankò. **7** Senkant
nan pwofèt Jeriko yo t'ap mache dèyè yo. Eli ak Elize
rete bò larivyè Jouden an. Senkant pwofèt yo menm rete
yon ti distans lwen yo. **8** Eli wete gwo rad ki te sou li a, li
woule l', li frape dlo a avè l'. Dlo a fann de bò. Eli ak Elize
janbe lòt bò larivyè a san pye yo pa mouye. **9** Lè yo fin
janbe, Eli di Elize konsa: —Di m' kisa ou ta vle m' fè pou
ou anvan Bondye pran m'. Elize reponn li: —Mwen ta
renmen resevwa yon pòsyon doub nan lespri ki sou ou a.
10 Eli di li: —Sa ou mande m' la a pa fasil. Men, si ou wè
m' ak je ou lè m'ap kite ou la, w'ap jwenn sa ou mande a.
Men, si ou pa wè m', w'a konnen ou p'ap jwenn li. **11** Yo
t'ap mache ansanm, yo t'ap pale yonn ak lòt lè yon cha
dife ak chwal dife vin nan mitan yo. Epi li pote Eli moute
nan syèl nan yon gwo toubouyon. **12** Lè Elize wè sa, li
rele Eli, li di: —Papa mwen! papa mwen! Ou menm ki te
tankou yon gwo lame pou pran defans peyi Izrayèl la, ou
ale! Epi li pa wè Eli ankò. Yon sèl lapenn pran Elize, li
chire rad ki te sou li a fè de moso. **13** Lèfini, li ranmase
gwo rad ki te soti sou zepòl Eli tonbe atè a, epi li tounen.
Rive bò larivyè Jouden an li kanpe. **14** Li frape dlo a ak
rad ki te soti sou zepòl Eli a, epi li di byen fò: —Kote Seyè
a, Bondye Eli a? Li frape dlo a yon dezyèm fwa ak rad Eli
a. Dlo a fann de bò. Elize janbe lòt bò larivyè a. **15** Lè
pwofèt Jeriko yo ki te pi devan an wè sa, yo di: —Lespri
Eli a sou Elize! Yo vin jwenn li, yo bese tèt yo jouk atè
devan l'. **16** Yo di li: —Koute. Gen senkant nan nou la a.

Nou tout se vanyan gason. Kite n' al chache mèt ou a. Ou
pa janm konnen. Lespri Bondye a ka pran l' al lage sou
yon mòn osinon nan yon fon. Men, Elize di yo: —Non. Pa
voye pesonn dèyè l'. 17 Men yo kenbe la avè l' jouk li di
yo: —Bon. Nou mèt ale! Se konsa yo voye senkant moun
yo al chache Eli. Yo pase twa jou ap chache, yo pa jwenn
li. 18 Yo tounen al jwenn Elize ki te rete ap tann yo lavil
Jeriko. Elize di yo: —Mwen pa t' di nou nou pa t' bezwen
ale! 19 Moun lavil Jeriko yo vin di Elize: —Mèt, lavil la bati
nan yon bon pozisyon, jan ou ka wè l' la. Men, dlo a pa
bon, li fè tè a pa bay anyen. 20 Elize di yo: —Pote ti gout
sèl nan yon bòl tou nèf ban mwen! Yo pote veso sèl la
bay Elize. 21 Elize moute nan sous la, li voye sèl jete nan
dlo a. Lèfini, li di: —Men sa Seyè a di: M'ap netwaye dlo
sa a. Li p'ap janm touye moun ankò, ni li p'ap fè tè a rete
san donnen anyen. 22 Depi lè sa a dlo a vin bon jouk
jounen jòdi a, jan Elize te di l' la. 23 Elize kite lavil Jeriko,
l' ale lavil Betèl. Li t'ap mache sou chemen an konsa, lè
yon bann ti gason soti lavil la, yo pran pase l' nan betiz,
yo t'ap rele: —Al fè wout ou, tèt chòv! Al fè wout ou, tèt
chòv! 24 Elize vire, li gade ti gason yo, li ba yo madichon
nan non Seyè a. Lamenm, de lous soti nan rakbwa a, yo
dechire karannde nan ti gason yo. 25 Apre sa, Elize ale
mòn Kamèl. Lèfini li tounen lavil Samari.

3 Lè sa a, wa Jozafa t'ap mache sou dizwitan depi li
t'ap gouvènen nan peyi Jida lè Joram, pitit Akab la,
moute sou fotèy wa peyi Izrayèl la. Li pase douzan ap
gouvènen nan lavil Samari. 2 Li fè sa ki mal nan je Seyè
a, men pa tankou papa l' ak manman l' Jezabèl. Li wete
gwo wòch papa l' te mete kanpe pou sèvis Baal la. 3
Men, li fè menm peche ak Jewoboram, pitit gason Nebat
la, li lakòz pèp Izrayèl la fè peche. Li pa t' soti pou l'
te kite vye chemen sa a. 4 Mesa, wa peyi Moab la, te
fè gadinaj mouton. Se konsa li te pran angajman pou li
te bay wa peyi Izrayèl la sanmil (100.000) ti mouton ak
sanmil (100.000) belye ak tout lenn yo sou yo. 5 Men, lè
Akab, wa peyi Izrayèl la, mouri, wa peyi Moab la revòlte
kont otorite wa peyi Izrayèl la. 6 Lamenm, wa Joram kite
lavil Samari, li sanble tout lame pèp Izrayèl la. 7 Epi li
pati, li voye di Jozafa, wa peyi Jida a: —Wa peyi Moab la
revòlte kont otorite mwen. Ou pa ta vle vin avè m' pou nou
atake moun Moab yo? Jozafa reponn: —Men wi! Mwen
menm ak tout sòlda mwen yo ak kavalye mwen yo, nou
avè ou ansanm ak pèp ou a. Se yonn nou ye! 8 Ki wout
n'ap pran pou n' al atake? Joram reponn li: —N'ap pran
chemen ki pase nan dezè Edon an. 9 Se konsa Joram,
wa peyi Izrayèl la, ansanm ak wa peyi Jida a ak wa peyi
Edon an pati. Yo pase sèt jou ap mache. Lè sa a dlo yo
fini, pa t' gen yon ti gout dlo ni pou sòlda yo ni pou bèt
chay ki te avè yo. 10 Joram, wa peyi Izrayèl la, di: —Woy!
Nou fini! Seyè a fè nou tou twa vin isit la ansanm pou l'
lage nou nan men wa Moab la. 11 Jozafa mande: —Pa
gen yon pwofèt bò isit la ki ta ka pale ak Seyè a pou nou?
Yonn nan chèf wa peyi Izrayèl yo di: —Bò isit la gen Elize,
pitit gason Chafa a. Se li ki t'ap sèvi ak Eli. 12 Jozafa di:
—Sèten l'ap gen kichòy pou l' di nou nan non Seyè a!
Se konsa wa peyi Izrayèl la ansanm ak Jozafa ak wa
peyi Edon an pati, y' al wè Elize. 13 Elize di wa Izrayèl la
konsa: —Ki rapò m' gen avè ou! Al wè pwofèt papa ou ak
manman ou te konn al wè yo! Joram reponn: —Non! Se
Seyè a ki voye chache nou pou l' lage nou twa wa sa
yo nan men wa peyi Moab la. 14 Elize reponn: —Mwen
pran Seyè vivan m'ap sèvi a pou temwen! Si mwen pa t'
gen respè pou Jozafa, wa peyi Jida a, m' pa ta menm
gade ou, m' pa ta okipe ou. 15 Koulye a, al chache yon
mizisyen pou mwen. Pandan mizisyen an t'ap jwe mizik,
pouvwa Seyè a desann sou Elize. 16 Elize di: —Men sa
Seyè a di: Fouye anpil gwo twou nan fon ravin sa a. 17
Paske, men sa li di ankò: Nou p'ap wè van, nou p'ap wè
lapli, men ravin sa a pral plen dlo. Konsa n'a jwenn kont
dlo pou nou bwè ansanm ak bèf, kabrit nou yo ak bèt
chay nou yo. 18 Men tou sa pa anyen bò kote sa Seyè a
ka fè. Li pral lage moun peyi Moab yo nan men nou. 19
Nou pral pran tout bèl lavil ak ranpa yo, nou pral koupe
tout bèl pyebwa yo, nou pral bouche tout sous dlo yo. Nou
pral gate tout pi bèl jaden yo, nou pral kouvri yo ak wòch.
20 Nan denmen maten, lè lè pou yo fè ofrann lan rive,
yon dlo soti nan direksyon Edon, li kouvri tout tè a. 21 Lè
moun Moab yo pran nouvèl twa wa yo te moute vin atake
yo, tout gason ki te gen laj pou pote zam, gran kou piti, yo
sanble, y' al mase kò yo sou fwontyè a. 22 Nan denmen
maten, lè yo leve, limyè solèy la t'ap bat sou dlo a. Li bay
dlo a yon koulè wouj, moun Moab yo te kwè se san. 23 Yo
di: —Gade san! Lame wa yo gen lè goumen yonn ak lòt,
yonn touye lòt. Ann al piye kan yo! 24 Men lè moun Moab
yo rive nan kan moun Izrayèl yo, moun Izrayèl yo tonbe
sou yo, yo kòmanse bat yo. Moun Moab yo pran kouri.
Moun Izrayèl yo antre dèyè yo nan peyi Moab, yo touye
tout moun Moab ki tonbe anba men yo. 25 Yo detwi lavil
yo. Chak fwa yo rive bò yon bèl jaden, chak moun pran
wòch, yo voye ladan l' jouk jaden an kouvri nèt ak wòch.
Yo bouche tout sous dlo yo, yo koupe tout bèl pyebwa yo.
Sèl kote ki te rete kanpe se te lavil Kiraresèt, kapital la.
Sòlda yo sènen l', yo atake l' ak kout wòch. 26 Lè wa peyi
Moab la wè li t'ap pèdi batay la, li pran sètsan (700) sòlda
avè l'. Avèk nepe yo, yo chache mwayen pou yo pase nan
mitan sòlda Izrayèl yo al fè wout yo nan direksyon peyi
Edon, men yo pa t' kapab. 27 Lè sa a, wa peyi Moab la
pran premye pitit gason l' lan, sa ki te pou pran plas li sou
fotèy la, li ofri l' bay bondye peyi Moab la, li touye l' sou tèt
miray lavil la. Lè moun Izrayèl yo wè sa, yo pè pou malè
pa rive yo. Yo rale kò yo dèyè, yo tounen nan peyi yo.

4 Madanm yonn nan pwofèt yo al jwenn Elize, li di l'
konsa: —Mari m' mouri. Ou konnen se yon nonm ki te
gen krentif anpil pou Bondye. Koulye a, yon nonm mari m'
te dwe lajan vini, li vle pran de pitit gason m' yo pou l'
al vann yo tankou esklav pou l' ka antre lajan l' lan. 2
Elize mande l': —Kisa m' ka fè pou ou? Di m' kisa ou gen
lakay ou. Madanm lan reponn li: —Mèt, m' pa gen anyen
pase yon ti boutèy lwil. 3 Lè sa a Elize di li: —Ale nan

vwazenaj. Mande prete valè ja vid ou ka jwenn. **4** Lèfini,
tounen lakay ou ansanm ak pitit gason ou yo. Fèmen tout
pòt. Konmanse plen tout ja yo lwil. Chak ja ki plen, w'a
mete l' sou kote. **5** Se konsa, madanm lan kite Elize, li
tounen lakay li al jwenn pitit gason l' yo. Li fèmen pòt. Li
pran ti boutèy lwil la, li vide lwil nan ja vid yo. Pitit gason l'
yo t'ap pote ja yo ba li yonn apre lòt. Li menm li t'ap plen
yo. **6** Lè tout ja yo fin plen, madanm lan mande yonn nan
pitit li yo si pa t' gen ja ankò. Gason l' lan reponn li. —Pa
gen ja vid ankò non. Lamenm lwil la sispann koule. **7**
Madanm lan al jwenn Elize, li rakonte l' tout bagay. Elize
di li: —Bon. Al vann lwil la. Peye tout dèt ou yo. Lèfini,
w'ap gen lajan rete nan men ou pou ou viv ak pitit ou yo.
8 Yon jou, Elize t'ap pase lavil Chounèm kote te gen yon
madanm ki te gen bon ti mwayen. Madanm lan fann dèyè
l' pou li vin manje avè l'. Depi lè sa a, chak fwa Elize pase
lavil Chounèm, se lakay madanm sa a l' al manje. **9** Yon
lè, madanm lan di mari l': —Gade! Mwen vin konnen nonm
sa k'ap pase tout tan vin isit la se yon pwofèt Bondye, yon
nonm k'ap viv apa pou Bondye li ye. **10** Ann bati yon ti
pyès an masonn sou teras anwo a. N'a mete yon kabann,
yon chèz, yon tab ak yon lanp ladan l'. Konsa, lè la vin
vizite nou, la gen yon kote pou l' ka pou kont li. **11** Yon
jou, Elize te vin lavil Chounèm, li moute nan chanm li,
li kouche. **12** Li di Gerazi, domestik li a, rele madanm
lan pou li. Gerazi rele madanm lan. Lè madanm lan rive,
13 Elize di Gerazi konsa: —Mande l' pou mwen kisa m'
ka fè pou li pou tout traka li bay tèt li pou nou. Eske li
ta vle m' al pale ak wa a osinon kòmandan lame a pou
li? Madanm lan reponn: —Mèsi wi. Mwen gen tou sa m'
bezwen nan mitan pèp la. **14** Elize mande Gerazi: —Kisa
nou ta ka fè pou li en? Gerazi di li: —Podyab! Li pa gen
pitit gason, lèfini, mari l' fin granmoun! **15** Elize di: —Rele
l' pou mwen! Gerazi rele madanm lan. Madanm lan vini, li
kanpe nan papòt la. **16** Elize di li: —Nan ennan, vè lè
konsa, w'a kenbe yon pitit gason nan bra ou. Madanm lan
di: —Non, mèt. Tanpri, se sèvitè Bondye ou ye, pa ban m'
manti. **17** Men, madanm lan vin ansent jan Elize te di l' la.
Se konsa ennan apre, li fè yon pitit gason. **18** Ti gason
an grandi. Yon jou ti gason an t al jwenn papa l' ki t'ap
ranmase rekòt nan jaden l' ak kèk lòt moun, **19** li rete
konsa, li di papa l': —Woy! Tèt mwen! Tèt mwen! Papa
a rele yonn nan domestik li yo, li di l' konsa: —Pote ti
gason an bay manman l'. **20** Domestik la pran ti gason
an, li pote l' bay manman l'. Manman an kenbe ti gason
an sou janm li. Rive midi, ti gason an mouri. **21** Manman
an moute avè l' nan chanm Elize a. Li mete l' kouche sou
kabann lan. Li fèmen pòt la, epi li soti. **22** Li fè rele mari li,
li di l' konsa: —Tanpri, voye yon domestik ban mwen ak
yon bourik. Mwen bezwen ale bò kote Elize, pwofèt la. M'
p'ap mize. **23** Mari a mande l': —Poukisa se jòdi a pou
ou ale bò kot pwofèt la. Se pa jou repo, ni se pa jou fèt
lalin nouvèl. Madanm lan reponn li: —Sa pa fè anyen! **24**
Li fè sele bourik la, epi li di domestik li a: —Degage ou
fè bourik la mache vit. Pa kite l' al dousman jouk m'a di
ou rete. **25** Se konsa, li pati pou mòn Kamèl kote Elize,
sèvitè Bondye a, te ye. Elize wè l' byen lwen ap vini. Li di
Gerazi, domestik li a: —Men madanm lavil Choumèn lan
ap vini. **26** Kouri al jwenn li. Mande l' si tout moun lakay li
byen, li menm, mari l' ak pitit li a. Madanm lan di Gerazi
tout moun byen. **27** Men lè li rive kot Elize, li lage kò l' atè
devan li, li mare nan pye Elize. Gerazi fè sa pou l' pouse
l', Elize di l' konsa: —Kite l'. Ou pa wè jan li gen gwo
lapenn? Epi Seyè a pa kite m' konn sa. Li kache m' sa. **28**
Lè sa a madanm lan di: —Mèt, se mwen ki te mande ou
yon pitit gason? M' pa t' di ou pa ban m' move espwa? **29**
Elize vire bò Gerazi, li di l' konsa: —Pare kò ou non! Pran
baton m' lan avè ou. Pati. Pa rete sou wout ou pou di
pesonn bonjou. Si yon moun di ou bonjou, pa reponn. Ale
dirèk dirèk kay madanm lan. Lè w'a rive, w'a mete baton
m' lan sou figi pitit la. **30** Men manman ti gason an di Elize
konsa: —Mwen pran Seyè vivan an ansanm ak ou tou
pou temwen. Mwen pa pral san ou! Lè sa a Elize leve, li
pati avè l'. **31** Gerazi te gen tan pran devan. Li mete baton
Elize a sou figi ti gason an. Men, ti gason an pa briding kò
l'. Gerazi tounen al jwenn Elize, li di l': —Ti gason an pa
leve. **32** Lè Elize rive, li moute pou kont li nan chanm
lan. Li wè ti gason an mouri kouche sou kabann lan. **33**
Li fèmen pòt la, epi li pran lapriyè Seyè a. **34** Lèfini, li
moute kouche sou ti gason an, li mete bouch li sou bouch
ti gason an, je li sou je ti gason an ak men l' sou men ti
gason an. Li rete kouche konsa sou ti gason an. Kò ti
gason an konmanse vin cho. **35** Elize leve, li fè yon ti
mache nan chanm lan. Lèfini, l' al kouche menm jan an
sou ti gason an ankò. Ti gason an estènen sèt fwa, epi li
louvri je l'. **36** Elize rele Gerazi, li di l': —Rele madanm lan
pou mwen. Lè madanm lan vini, li di l': —Men pitit gason
ou lan. **37** Madanm lan tonbe ajenou nan pye Elize, li
bese tèt li jouk atè. Lèfini, li pran pitit li, l' ale. **38** Apre sa,
Elize tounen lavil Gilgal. Lè sa a, yon sèl grangou te tonbe
sou tout peyi a. Yon jou, yon gwoup pwofèt te chita ap
pale ak Elize. Elize rele domestik li a, li di l' konsa: —Mete
gwo mamit la sou dife. Pare yon bouyon pou pwofèt yo.
39 Yonn nan pwofèt yo soti al chache kèk fèy legim. Li
jwenn yon pye lyann mawon, li keyi kèk fwi ki te tankou ti
kalbas, li plen rad li. Li tounen, li koupe yo an ti moso, li
mete yo nan bouyon an san konnen sa yo te ye. **40** Yo
sèvi mesye yo. Goute yo goute bouyon an, yo pran rele.
Yo di: —Pwofèt Elize! Manje a gen yon pwazon ladan l'.
Yo derefize manje. **41** Men Elize di: —Pote ti gout farin
frans pou mwen. Li mete farin lan nan bouyon an. Epi li
di: —Bay mesye yo manje. Mesye yo manje. Pa t'gen
pwazon ankò nan manje a. **42** Yon lòt fwa ankò, yon nonm
soti lavil Baal Chalicha, li pote yon sak pwovizyon fè Elize
kado. Nan sak la te gen ven pen li te fè ak premye grenn
lòj li te rekolte pou lanne a ansanm ak yon pakèt grap lòj
li te fèk koupe. Elize di domestik li a pou li sèvi yo bay
pwofèt yo manje. **43** Men domestik la di l': —Ki jan pou m'
rive bay san moun manje ak ti pwovizyon sa a? Elize
reponn li: —Ba yo l' pou yo manje, paske Seyè a di y'ap

manje kont yo, y'ap kite rès. **44** Domestik la sèvi manje a.
Tout pwofèt yo manje, yo kite rès jan Seyè a te di l' la.

5 Naaman, kòmandan lame wa peyi Siri a, te yon nonm
wa a te renmen anpil. Li te ba li anpil favè paske se
gremesi Naaman Seyè a te fè peyi Siri a genyen nan
tout batay li yo. Se te yon vanyan sòlda, men li trape yon
move maladi po. **2** Yon lè yon bann moun peyi Siri t al fè
piyay nan peyi Izrayèl la, yo te fè yon tifi moun Izrayèl yo
prizonye. Tifi a te rete ak madan Naaman. **3** Yon jou, li di
metrès li a: —Si mèt mwen te ka al wè pwofèt ki nan peyi
Samari a, pwofèt la ta ka geri maladi a wi. **4** Lè Naaman
tande sa, l' al jwenn wa a, li di l' sa tifi a te di. **5** Wa Siri a
reponn: —Bon, ou pral jwenn wa peyi Izrayèl la, m'ap ba
ou yon lèt pou li. Se konsa Naaman pati. Li te pote trantmil
(30.000) pyès ajan, simil (6.000) pyès lò ak dis rad nèf fèt
ak bon twal fen. **6** Li renmèt lèt la bay wa peyi Izrayèl la.
Men sa ki te ekri nan lèt la: Mwen voye Naaman, yonn
nan chèf mwen yo, avèk lèt sa a pou ou ka geri maladi po
l' la. **7** Lè wa peyi Izrayèl la li lèt la, li vin gen yon kè sere,
li chire rad sou li epi li di: —Eske se Bondye ki bay lavi ki
bay lanmò mwen ye pou msye voye yon moun ak maladi
pou m' geri l'? Nou tou wè se chache l'ap chache m' kont.
8 Lè pwofèt Elize vin konnen jan wa a te nan tèt chaje pou
lèt la, li voye di l': —Poukisa ou gen kè sere konsa? Voye
moun lan ban mwen, m'a fè l' konnen gen yon pwofèt
nan peyi Izrayèl la. **9** Se konsa Naaman ale ak cha li a
ansanm ak chwal li yo. Li rete devan pòt kay Elize a. **10**
Men Elize voye yon mesaje di l': —Ale lave kò ou sèt fwa
nan larivyè Jouden an, maladi po a va disparèt sou kò ou.
W'a geri. **11** Naaman fache, li vire do l' ale. Li di: —Mwen
te kwè li t'ap soti vin resevwa m'. Apre sa, li ta lapriyè
Seyè a, Bondye l' la. Li ta pase men l' kote ki malad la,
konsa mwen ta geri. **12** Lèfini, èske dlo larivyè Abana ak
larivyè Fafa nan peyi Damas yo pa pi bon pase nenpòt
dlo larivyè nan peyi Izrayèl yo? Mwen ta ka benyen ladan
yo tou, mwen ta geri. Li vire do l' ale byen move. **13** Men,
domestik li yo al jwenn li, yo di l' konsa: —Mèt, si pwofèt
la te mande ou yon bagay pi difisil, èske ou pa ta fè l'?
Poukisa koulye a ou pa al lave kò ou pou ou ka geri jan li
di ou la? **14** Naaman ale, li plonje sèt fwa nan larivyè
Jouden an, jan pwofèt la te di l' la. Po kò l' tounen tankou
po timoun. Li te geri nèt. **15** Lè sa a li tounen bò kote
sèvitè Bondye a ansanm ak tout moun ki te avè l' yo. Li
kanpe devan l', li di l' konsa: —Koulye a, mwen konnen pa
gen Bondye lòt kote sou latè pase nan peyi Izrayèl la.
Tanpri, resevwa kado m'ap ba ou la a. **16** Men Elize di l':
—Mwen pran Seyè vivan m'ap sèvi a pou temwen, mwen
p'ap resevwa ankenn kado. Naaman t'ap fòse l' pou l'
pran kado a, men Elize derefize. **17** Lè sa a, Naaman di:
—Dakò, ou pa vle. Men tanpri, ban m' ti gout tè pou m'
chaje sou de milèt pote ale avè m'. Paske mwen menm ki
la pou sèvi ou la, depi jòdi a mwen p'ap fè ofrann, mwen
p'ap boule bèt pou ankenn lòt bondye pase pou Seyè a.
18 Tansèlman, se pou Seyè a padonnen m' kichòy. Lè chèf
mwen pral fè sèvis nan tanp Rimon an, se pou l' apiye sou
bra m', mwen fèt pou m' bese tèt ansanm avè l' nan tanp
lan. Mwen ta mande Seyè a pou l' padonnen m' sa. **19**
Elize reponn li: —Ale ak kè poze! Naaman pati. Lè li rive
yon distans, **20** Gerazi, domestik Elize, pwofèt Bondye a,
di nan kè l': —Mèt mwen kite Naaman, moun Siri a, ale, li
pa pran anyen nan sa l' te pote pou li a. Mwen pran Seyè
vivan an pou temwen, mwen pral kouri dèyè l' pou m' pran
kichòy nan men l'. **21** Se konsa li pati dèyè Naaman. Lè
Naaman wè l' ap kouri vin jwenn li, li prese desann sot
sou cha li a, l' al jwenn li, li mande l': —Ki malè ki rive? **22**
Gerazi reponn li: —Se pa anyen non. Se mèt mwen ki
voye m' di ou konsa gen de jenn pwofèt ki soti nan mòn
Efrayim yo ki fèk rive lakay li, li ta renmen ou voye twasan
(300) pyès ajan ak de rad nèf pou l' ba yo. **23** Naaman
reponn: —Tanpri, pran sisan (600) pyès ajan. Li fòse l'
pran yo, li mare pyès ajan yo nan de ti sak, li lonje yo bay
de nan domestik pa l' yo ansanm ak de bèl rechanj pou
yo pote yo devan Gerazi. **24** Lè yo rive sou ti mòn lan,
Gerazi pran de ti sak yo nan men domestik yo, li mete yo
lakay li, lèfini, li voye domestik Naaman yo ale fè wout yo.
25 Apre sa, l' ale jwenn mèt li. Elize mande l': —Gerazi,
kote ou soti? Gerazi reponn: —M' pa t al ankenn kote
non, mèt! **26** Elize di li: —Mwen te la avè ou, nan lespri
m', lè nonm lan desann soti sou cha li a pou l' resevwa
ou. Men se pa lè sa a pou nou resevwa lajan ak rad ni
pou n' achte jaden oliv, jaden rezen, bèf, mouton, kabrit,
osinon fanm ak gason pou sèvi nou esklav. **27** Se poutèt
sa, maladi Naaman an pral tonbe sou ou, sou pitit ak pitit
pitit ou yo pou tout tan. Lè Gerazi soti, li te gen maladi po
a. Po kò l' te blan kou koton.

6 Yon jou, pwofèt yo di Elize konsa: —Gade, kote n'ap
viv avè ou la vin twò piti pou nou. **2** Kite n' ale larivyè
Jouden an. Nou chak va koupe yon madriye, n'a bati yon
kay la pou nou ka viv. Elize reponn: —Ale non! **3** Yonn
nan pwofèt yo mande l': —Tanpri, mèt, ann al avè nou
non! Li di: —Dakò. **4** Li pati ak yo. Lè yo rive bò larivyè
Jouden an, yo tanmen koupe bwa. **5** Yonn ladan yo t'ap
koupe yon madriye lè rach la soti nan manch li, li tonbe
nan dlo a. Li pran rele: —Mèt, mèt! Sa m' pral fè la a? Se
prete yo te prete m' rach la wi! **6** Elize mande l': —Kote
rach la tonbe la a? Li moutre l' kote a. Elize kase yon
moso bwa, li voye l' nan dlo a. Rach la moute anwo dlo a.
7 Elize di l': —Wete l' nan dlo a. Pwofèt la lonje men l', li
pran rach la. **8** Wa peyi Siri a t'ap fè lagè ak peyi Izrayèl
la. Li reyini chèf li yo, li di yo ki kote li pral moute kan lame
a. **9** Men, Elize voye avèti wa peyi Izrayèl la pou l' pa
pwoche bò tèl kote, paske lame peyi Siri a desann la ap
tann li. **10** Se konsa wa peyi Izrayèl la voye yon mesaje al
avèti moun ki nan zòn Elize te di l' la pou yo rete sou
prigad yo. Sa rive plizyè fwa. **11** Sa te boulvèse wa peyi
Siri a anpil. Li rele chèf li yo, li di yo: —Manyè di m' kilès
nan nou la a ki pou wa peyi Izrayèl la? **12** Yonn nan chèf
yo reponn: —Pesonn, monwa. Men se Elize, pwofèt ki
nan peyi Izrayèl la, k'ap fè wa peyi Izrayèl la konnen tou
sa ou di, ata sa ou di anndan chanm ou. **13** Wa peyi Siri

a di: —Chache konnen kote Elize sa a ye pou m' voye
pran l': Yo vin di li Elize te lavil Dotan. **14** Li voye yon gwo
lame ak anpil chwal ak cha lagè dèyè l'. Yo rive Dotan
solèy kouche, yo sènen lavil la. **15** Nan denmen maten,
domestik pwofèt la leve byen bonè, li soti. Li wè te gen
yon gwo lame ki te sènen tout lavil la ak anpil chwal ak
anpil cha lagè. Lamenm, l' al di Elize: —Mèt, mèt, malè
sou nou! Kisa nou pral fè la a? **16** Elize reponn li: —Ou
pa bezwen pè! Nou gen plis moun avèk nou pase yo. **17**
Lèfini, Elize lapriyè Seyè a, li di: —Seyè, tanpri louvri je l'
pou l' wè! Seyè a louvri je domestik la. Domestik la wè
tout mòn lan te kouvri ak flanm dife an fòm kavalye ak cha
lagè bò kote Elize. **18** Lè sòlda peyi Siri yo atake, Elize
lapriyè ankò, li di: —Seyè, fè sòlda sa yo pa wè nan je yo!
Seyè a fè sòlda peyi Siri yo pa wè nan je yo, jan Elize te
mande l' la. **19** Lèfini, Elize al jwenn yo, li di yo: —Se
pa chemen an sa, ni se pa lavil n'ap chache a sa. Swiv
mwen, m'a mennen nou kote moun n'ap chache a ye. Li
mennen yo lavil Samari. **20** Rive yo rive la, Elize lapriyè
ankò, li di: —Seyè, louvri je yo pou yo wè! Seyè a louvri je
yo. Yo wè yo te nan mitan lavil Samari. **21** Lè wa peyi
Izrayèl la wè sòlda peyi Siri yo, li mande Elize: —Touye
yo, papa mwen? Touye yo? **22** Elize reponn li: —Non. Pa
touye yo. Ou janm touye moun ou fè prizonye lè w'ap
goumen ak nepe epi ak banza? Ba yo manje, ba yo bwè,
Lèfini, kite yo tounen al jwenn mèt yo! **23** Se konsa, wa a
fè yon gwo resepsyon pou yo. Yo manje, yo bwè. Lèfini,
wa a voye yo ale jwenn mèt yo. Depi lè sa a, sòlda peyi
Siri yo sispann anvayi peyi Izrayèl la. **24** Kèk tan apre sa,
Bennadad, wa peyi Siri a, sanble tout lame li, li moute vin
atake peyi Izrayèl. Li sènen lavil Samari. **25** Se konsa,
yon sèl grangou t'ap bat moun nan lavil la. Lènmi pa t' bay
ankenn chans pou moun antre soti. Lè sa a yon tèt bourik
te koute katreven pyès ajan, yon demi liv kaka pijon te
koute senk pyès ajan. **26** Yon jou, wa peyi Izrayèl la t'ap
pase sou miray lavil la, yon madanm pran rele: —Monwa,
monwa, fè kichòy pou mwen non! **27** Wa a reponn: —Si
Seyè a pa ka fè anyen pou ou, kisa mwen menm, mwen
ka fè pou ou. Kisa ou vle m' ba ou: farin osinon diven? **28**
Sa ou genyen? Madanm lan reponn: —Lòt jou, madanm
sa ou wè la a vin di m' pou mwen bay pitit pa m' lan pou
nou manje jou sa a, nan denmen n'a manje pitit pa l' la.
29 Se konsa nou kwit pitit pa m' lan, nou manje l'. Nan
denmen, mwen di l' pou li bay pitit pa l' la pou nou manje,
men li sere l'. **30** Lè wa a tande sa madanm lan di l' la, li
chire rad sou li sitèlman li te fache. Moun ki te toupre
miray la te ka wè wa a te gen yon rad sak anba rad li. **31**
Wa a pale byen fò, li di: —Se pou Bondye ban m' pi gwo
chatiman ki genyen si anvan jounen an fini, yo pa koupe
tèt Elize, pitit Safa a! **32** Wa a voye yon mesaje al chache
Elize. Lè sa a, Elize te chita lakay li ak kèk chèf fanmi ki
t'ap vizite l'. Men, anvan mesaje wa a gen tan rive, Elize di
chèf fanmi yo: —Gade, Ansasen an voye yon moun pou
touye m'. Men sa n'ap fè. Lè mesaje wa a va rive, fèmen
pòt la sou li. Pa kite l' antre. Wa a pye pou pye dèyè l'. **33**
Elize pankò fèmen bouch li, lè wa a rive devan l'. Wa a di
l' konsa: —Se Seyè a ki voye malè sa a sou nou! Sa m'
bezwen rete ap tann li fè kichòy pou nou ankò?

7 Elize reponn li: —Koute sa Seyè a voye di ou: Denmen,
vè lè sa a, nan pòtay lavil Samari a, moun pral achte
dis liv bon farin frans osinon ven liv lòj pou yon grenn
pyès ajan. **2** Gadkò wa a reponn pwofèt la, li di l': —Seyè
a ta mèt louvri syèl la pou voye bagay sa yo, sa ou di a
pa ka fèt. Elize di li: —Ou wè ou menm, w'ap wè sa rive
ak pwòp je ou, men ou p'ap gen chans manje ladan l'! **3**
Bò pòtay lavil Samari a, te gen kat gason ki te gen move
maladi po. Yonn di lòt konsa: —Poukisa pou n' rete isit
la ap tann lanmò? **4** Si nou di n'ap antre lavil la, avèk
grangou ki gen la a, n'ap mouri. Si nou di n'ap rete isit la,
n'ap mouri tou. Pito n' al pran yon chans nan kan lame
Siri a. Si yo fè pa nou, n'a viv. Men, si yo touye nou, n'a
tou mouri mouri nou. **5** Se konsa, solèy te fèk kouche lè
mesye yo leve, yo pati pou kan lame Siri a. Lè yo rive
toupre kan an, yo pa wè pesonn. **6** Seyè a te fè sòlda
lame Siri yo tande yon bann bri, ou ta di yon pakèt cha
lagè, kavalye sou chwal ak yon gwo lame k'ap mache vini
sou yo. Tout sòlda peyi Siri yo te konprann se wa peyi
Izrayèl la ki te pran kontak ak wa peyi Et la ansanm ak wa
peyi Lejip la pou vin atake yo. **7** Se konsa, solèy te fèk
kouche jou sa a lè yo leve yo kouri met deyò. Yo kite tant
yo, chwal yo, bourik yo. Yo chape kò yo kite kan an jan l'
te ye a. **8** Lè kat mesye yo rive nan kan an, yo antre nan
yon premye tant, yo manje, yo bwè. Yo pase men yo pran
lò, ajan, rad yo jwenn, yo soti al sere yo. Lèfini, yo tounen,
yo antre nan yon dezyèm tant, yo fè menm bagay la. **9**
Men lè sa a, yonn di lòt konsa: —Sa n'ap fè a pa bon non!
Nou gen bon nouvèl konsa, nou pa ka kenbe l' pou nou
ase. Si nou tann denmen maten pou n' al di moun yo sa,
ou mèt sèten y'ap ban nou tò. Pito n' ale koulye a. Ann
al bay nouvèl la kay wa a! **10** Se konsa, yo tounen lavil
Samari, yo rele gad ki t'ap fè pòs nan pòtay lavil la. Yo
ba yo nouvèl la, yo di yo: —Nou t al nan kan moun Siri
yo. Nou pa jwenn pesonn, nou pa tande pesonn ap pale.
Chwal ak bourik sèlman nou jwenn mare nan kòd. Ata
tant yo te la jan yo te moute yo. **11** Faksyonnè ki t'ap
fè pòs nan pòtay lavil la bay nouvèl la byen fò. Konsa,
nouvèl la gaye jouk li rive anndan palè a. **12** Se te nan
mitan lannwit. Wa a leve sot nan kabann li, li di chèf li yo:
—Mwen pral esplike nou sa sòlda peyi Siri yo gen dèyè
tèt yo kifè yo fè sa. Yo konnen jan grangou ap bat nou
isit la. Yo soti kite kan an, y' al kache nan plenn lan. Yo
konprann nou pral soti kite lavil la pou n' al dèyè manje.
Lè sa a, y'a tonbe sou nou, y'a pran nou tou vivan, y'a
antre nan lavil la. **13** Men, yonn nan chèf li yo di l' konsa:
—Poukisa nou pa voye kèk moun ak senk chwal ki rete yo
pou y' al wè sa ki pase. Kit yo tounen vivan, kit yo mouri,
yo p'ap pi mal ni pi byen pase rès moun Izrayèl yo ki rete
isit la. Wè pa wè, y' ap pase tankou sa ki mouri deja yo.
14 Se konsa yo chwazi kèk moun, wa a voye yo ak de cha
lagè pou y' al wè sa ki rive nan kan lame peyi Siri a. **15**

Mesye yo pati, yo rive jouk bò larivyè Jouden an. Sou tout
wout la, yo wè rad ak yon bann lòt bagay sòlda peyi Siri
yo te jete lè yo t'ap kouri met deyò a. Yo tounen, yo fè
rapò yo bay wa a. 16 Menm lè a, pèp la kouri soti al piye
kan lame peyi Siri yo. Jan Seyè a te di l' la, yo vann dis liv
bon farin frans pou yon pyès ajan, ven liv lòj pou menm
pri a. 17 Men, wa a te mete chèf gadkò li a ap veye pòtay
lavil la. Se konsa pèp la pilonnen l' anba pye yo lè y'ap
pase nan pòtay lavil la. Li mouri jan Elize te di l' sa lè wa
a te vin wè l' la. 18 Lè sa a, Elize t'ap pale ak wa a li te di
l' konsa: Denmen lè konsa, nan pòtay lavil Samari y'ap
vann dis liv bon farin frans pou yon pyès ajan ak ven liv
lòj pou menm pri a. 19 Se konsa chèf gadkò a te di Seyè
a te mèt louvri syèl la pou voye bagay sa yo, sa Elize di a
pa ka fèt. Elize menm te reponn li, li te di l': Ou wè ou
menm, w'ap wè sa rive ak pwòp je ou, men ou p'ap gen
chans manje ladan l'. 20 Se sa menm ki rive l'. Li mouri
pilonnen anba pye pèp la lè y'ap pase nan pòtay lavil la.

8 Elize te pale ak madanm ki te manman ti gason li te
fè tounen vivan sot nan lanmò a, li te di l' pou li pati
ansanm ak tout fanmi l' al viv nan yon lòt peyi paske Seyè
a te fè konnen talè konsa yon gwo grangou tapral tonbe
sou tout peyi a pou sètan. 2 Fanm lan leve, li fè sa pwofèt
la te ba li konsèy fè a. Li pati ansanm ak tout fanmi l' al
rete nan peyi Filisti a pandan sètan. 3 Lè sètan yo fin
pase, li tounen nan peyi Izrayèl, l' al jwenn wa a, li mande
l' pou yo renmèt li kay li ak jaden li. 4 Li jwenn wa a t'ap
pale ak Gerazi, domestik pwofèt Bondye a, paske wa a te
mande l' pou l' te vin rakonte l' tout bèl bagay Elize te fè
yo. 5 Gerazi t'ap rakonte wa a kijan Elize te fè pitit gason
yon fanm leve soti vivan nan lanmò lè madanm lan vin
pale ak wa a pou kay li ak jaden l' yo. Gerazi di wa a:
—Monwa, men madanm lan ansanm ak pitit gason Elize
te fè leve soti vivan nan lanmò a. 6 Wa a mande madanm
lan pou li rakonte l' jan sa te pase. Lè madanm lan fini, wa
a bay yonn nan chèf li yo lòd renmèt madanm lan tou sa
ki te pou li ansanm ak tou sa jaden yo te rapòte depi jou li
te kite peyi a rive jouk jou li tounen an. 7 Apre sa, Elize
ale lavil Damas. Bennadad, wa peyi Siri a, te malad. y'
al di wa a pwofèt la te nan lavil la. 8 Wa a rele Azayèl,
yonn nan chèf li yo, li di l' konsa: —Pote yon bagay fè
pwofèt Bondye a kado. Lèfini, mande l' pou l' pale ak
Seyè a pou konnen si m'ap leve anba maladi sa a. 9 Se
konsa Azayèl al wè Elize, li pran tout kalite bon bagay li
jwenn lavil Damas, li chaje yo sou karant chamo pote
bay Elize. Lè li rive devan Elize, li di l' konsa: —Pitit ou,
Bennadad, wa peyi Siri a, voye m' vin mande ou si l'ap
leve anba maladi l' la. 10 Elize reponn: —Seyè a fè m'
konnen l'ap mouri, men ou menm, al di l' l'ap refè. 11 Lè li
fin di sa, Elize pran gade Azayèl nan je. Lè Azayèl wè sa,
sa jennen l' anpil. Elize rete konsa, dlo pran kouri nan je l'.
12 Azayèl mande l': —Mèt, poukisa w'ap kriye a? Elize
reponn: —Paske mwen gen tan konnen tou sa ou pral fè
pèp Izrayèl la pase. Ou pral met dife nan gwo fò yo, ou
pral touye jenn gason l' yo ak nepe, ou pral kraze pitit yo,
ou pral louvri vant fanm ansent yo. 13 Azayèl mande l':
—Kisa m' ye menm pou m' ta rive fè tou sa? Mwen pa
pi bon pase yon chen. Elize reponn li: —Seyè a fè m'
konnen se ou ki pral wa peyi Siri. 14 Azayèl kite Elize, li
tounen al jwenn mèt li ki mande l': —Sa Elize di ou? Li
reponn: —Li di m' li sèten w'ap refè. 15 Men nan denmen,
Azayèl pran yon dra, li plonje l' nan dlo, li mete l' sou figi
wa a. Wa a toufe, li mouri. Azayèl moute wa sou fotèy Siri
a nan plas Bennadad. 16 Wa Joram, pitit gason Akab la,
t'ap mache sou senkan depi li t'ap gouvènen peyi Izrayèl
lè Joram, pitit gason Jozafa ki te wa peyi Jida a, moute
wa nan plas papa l'. 17 Li te gen tranndezan lè li moute
wa. Li gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan witan. 18 Li
te marye ak yon pitit fi Akab. Tankou lòt moun fanmi Akab
yo, li mache pye pou pye dèyè wa peyi Izrayèl yo. Li fè sa
ki mal nan je Seyè a. 19 Men, Seyè a pa t' vle detwi peyi
Jida a, paske li te pwomèt David, sèvitè l' la, t'ap toujou
gen yon moun nan ras li pou gouvènen peyi a devan Seyè
a. 20 Sou reny wa Joram, moun peyi Edon yo pran lezam
kont moun peyi Jida yo. Yo pran libète granmoun yo. Yo
nonmen yon wa pou gouvènen yo. 21 Se konsa Joram
soti ak tout cha lagè li yo, li mache sou lavil Zayi. Lame
moun Edon yo sènen l'. Pandan lannwit, li menm ak chèf
cha lagè li yo, yo leve yo atake moun Edon yo ki te sènen
yo, yo pase soti nan mitan yo, yo chape. Tout sòlda yo
gaye al lakay yo. 22 Se depi lè sa a, peyi Edon an soti
anba lòd peyi Jida, yo granmoun lakay yo. Se menm lè
a tou moun lavil Libna yo pran libète granmoun yo tou.
23 N'a jwenn rès istwa Joram ak tou sa li te fè ekri nan
liv Istwa wa peyi Jida yo. 24 Lè Joram mouri, yo antere
l' nan kavo zansèt li yo nan lavil David la. Apre sa, se
Okozyas, pitit li a, ki moute wa nan plas li. 25 Wa Joram,
pitit Akab la, t'ap mache sou douzan depi li t'ap gouvènen
peyi Izrayèl lè Okozyas, pitit Joram, moute wa sou fotèy
peyi Jida a. 26 Li te gen venndezan. Li gouvènen nan
lavil Jerizalèm pandan ennan. Manman l' te rele Atali. Se
te pitit fi Akab, pitit pitit fi Omri, tou de wa peyi Izrayèl.
27 Okozyas mache pye pou pye dèyè moun fanmi Akab
yo. Li te marye nan fanmi wa Akab. Li fè sa ki mal nan
je Seyè a tankou yo. 28 Wa Okozyas mete tèt ansanm
ak wa Joram, pitit Akab, pou y' al atake Azayèl, wa peyi
Siri a. Lame yo kontre yonn ak lòt bò lavil Ramòt nan
peyi Galarad. Sòlda peyi Siri yo blese Joram nan batay
la. 29 Joram tounen lavil Jizreyèl pou l' te refè anba kou
sòlda peyi Siri yo te ba li lavi Ramòt lè li t'ap goumen
ak Azayèl, wa peyi Siri a. Okozyas, pitit Joram, wa peyi
Jida a, desann lavil Jizreyèl al wè wa Joram, pitit Akab la,
paske Joram te malad.

9 Pwofèt Elize rele yonn nan jenn pwofèt yo, li di l'
konsa: —Pare pou ale lavil Ramòt nan peyi Galarad.
Pran ti poban lwil oliv sa a avè ou. 2 Lè w'a rive, w'a
chache kote Jeou, pitit gason Jozafa a, pitit pitit Nimchi a,
ye. W'a antre kote l' ye a, w'a fè l' leve kite kanmarad li yo,
w'a mennen l' nan yon pyès apa. 3 W'a pran ti poban lwil
la, w'a vide l' sou tèt li. W'a di l': Men sa Seyè a di: Mwen

chwazi ou pou ou wa nan peyi Izrayèl. Lèfini, pa rete.
Louvri pòt la, prese al fè wout ou. 4 Se konsa jenn pwofèt
la ale lavil Ramòt nan peyi Galarad. 5 Li jwenn tout chèf
lame yo te reyini ap pale ansanm. Li di konsa: —Chèf,
mwen gen yon mesaj pou ou. Jeou mande l': —Pou kilès
nan nou? Pwofèt la reponn: —Pou ou wi, chèf. 6 Jeou
leve, li antre nan kay la. Lamenm jenn pwofèt la vide lwil
oliv la sou tèt Jeou, li di l' konsa: —Seyè a, Bondye pèp
Izrayèl la, di: Mwen chwazi ou pou ou wa sou pèp Izrayèl,
pèp mwen an. 7 Ou pral touye tout fanmi Akab, mèt ou a.
Se konsa mwen pral peni Jezabèl pou touye li te touye
pwofèt mwen yo ak tout lòt sèvitè m' yo. 8 Tout rès fanmi
Akab la fèt pou disparèt. M'ap touye dènye gason ki gen
nan fanmi an, jenn moun kou granmoun. 9 Menm sa m' te
fè fanmi Jewoboram, pitit Nebat, wa peyi Izrayèl la, menm
sa m' te fè fanmi Bacha, pitit Akija, wa peyi Izrayèl la tou,
se sa m'ap fè fanmi pa l' la tou. 10 Pou Jezabèl menm, se
chen ki pral manje kadav li nan jaden Jizreyèl la. P'ap
gen pesonn pou antere l'. Lè li fin di sa, li louvri pòt la, li
kouri ale. 11 Jeou tounen al jwenn lòt chèf parèy li yo. Yo
mande l': —Sa ki genyen? Sa nèg fou sa a te bezwen
ou fè? Jeou reponn yo: —Anyen. Nou konnen ki moun
pwofèt sa yo ye. Nou konnen sa y'ap mache di! 12 Mesye
yo reponn: —Manti w'ap ban nou la a! Annou wè non,
monchè. Rakonte nou sa l' di ou. Lè sa a, Jeou di yo:
—Li di m' Seyè a voye di m' li chwazi m' pou wa peyi
Izrayèl la. 13 Lamenm chèf lame yo wete manto yo, yo
louvri yo sou tèt macheskalye a, yo fè Jeou moute chita.
Yo kònen klewon, yo di: —Viv Jeou, wa peyi Izrayèl! 14
Jeou, pitit Jozafa, pitit pitit Nimchi, moute yon konplo kont
Joram. Joram te moute lavil Ramòt nan peyi Galarad ak
tout moun peyi Izrayèl yo al goumen ak Azayèl, wa peyi
Siri. 15 Men, li te tounen lavil Jizreyèl fè mete renmèd
sou kote sòlda peyi Siri yo te blese l' lè li t'ap goumen ak
Azayèl, wa peyi Siri a. Lè sa a Jeou di moun ki te avè l'
yo: —Si nou avè m' vre, pa kite pesonn soti lavil Ramòt al
bay nouvèl la lavil Jizreyèl. 16 Apre sa, li moute sou cha
lagè li, li pati pou lavil Jizreyèl. Joram te kouche malad
toujou. Akazya, wa peyi Jida a, te desann vin wè l'. 17 Yon
faksyonnè ki te nan fò won Jizreyèl la wè Jeou ansanm ak
yon bann moun ki t'ap pwoche. Li rele: —Mwen wè yon
bann moun k'ap vini wi! Joram bay lòd sa a: —Voye yon
kavalye al kontre yo pou l' mande yo si y'ap vin an zanmi!
18 Kavalye a pati al kontre Jeou, li di l': —Wa a bezwen
konnen si se an zanmi w'ap vini! Jeou reponn li: —Sa pa
gade ou! Pase dèyè do m'. Faksyonnè a bay nouvèl la
konsa: —Mesaje a rive bò kote yo, men li pa tounen. 19
Yo voye yon dezyèm kavalye. Lè li rive bò kote yo, li di:
—Wa a mande ou si se an zanmi w'ap vini. Jeou reponn
li: —Sa pa gade ou! Pase dèyè do m'. 20 Faksyonnè a
bay nouvèl la ankò: —Mesaje a rive bò kote yo, men li pa
tounen. Lèfini, moun ki sou premye cha a gen lè se Jeou,
pitit pitit Nimchi a. L'ap kouri cha lagè a tankou moun fou.
21 Lè sa a Joram di: —Pare cha lagè a pou mwen! Yo
mennen chwal yo, yo pare cha lagè wa a. Joram, wa peyi
Izrayèl la, ak Okozyas, wa peyi Jida a, pati, chak moun
sou cha yo. y' al kontre Jeou. Yo kontre avè l' nan jaden ki
te pou Nabòt, moun lavil Jizreyèl la. 22 Joram mande
l': —Eske ou vin an zanmi? Jeou reponn: —Ki zanmi
w'ap pale la a lè manman ou, Jezabèl, ap donnen pi rèd
nan fè maji ak nan sèvi zidòl? 23 Joram kase tèt tounen,
li kouri met deyò, li di Okozyas konsa: —Yo trayi nou,
Okozyas! 24 Jeou pran banza li, li voye yon flèch ak tout
fòs li. Flèch la pran Joram nan mitan de zepòl li yo, li pèse
kè l'. Joram tonbe nan cha lagè li a. 25 Jeou rele Bidka,
òdonans li an, li ba li lòd sa a: —Pran kadav la, jete l' nan
jaden Nabòt, moun Jizreyèl la. Ou chonje lè ou menm
avè m' nou te sou chwal nou dèyè Akab, papa l'? Seyè a
te pale kont Joram, li te di: 26 Menm jan ayè, mwen te
wè jan nou te touye Nabòt ak pitit gason l' yo, se konsa
m'a ba ou sa ou merite a nan menm jaden an. Se mwen
menm, Seyè a, ki di sa. Koulye a, pran kadav li, jete l'
nan jaden Nabòt la, jan Seyè a te di l' la. 27 Lè Okozyas,
wa peyi Jida a, wè sa ki te rive, li kouri nan cha lagè li a
nan direksyon lavil Betagan. Men, Jeou pati dèyè l'. Li
di: —Touye l' tou. Yo blese l' sou cha a nan ti moute ki
mennen lavil Gour, toupre lavil Jibleyam. Men, Okozyas
kenbe jouk li rive lavil Megido. Se la li mouri. 28 Apre sa,
chèf li yo mete kadav la sou cha a, yo mennen l' lavil
Jerizalèm. Yo antere l' nan kavo fanmi li nan lavil David la.
29 Joram, pitit Akab la, t'ap mache sou onzan depi li te wa
peyi Izrayèl lè Okozyas te moute wa nan peyi Jida. 30
Jeou rive lavil Jizreyèl. Lè Jezabèl vin konn sa, li pase fa
bò je li, li ranje tèt li, l' al kanpe bò yon fennèt ap gade.
31 Lè Jeou antre nan pòtay lavil la, Jezabèl di l' konsa:
—Ban m' nouvèl ou non, Zimri, ansasen mèt ou! 32 Jeou
leve je l' gade bò fennèt la, li di: —Ki moun ki avè m'? De
twa gad palè a parèt tèt yo nan yon fennèt. 33 Jeou di yo:
—Voye Jezabèl jete anba! Yo voye Jezabèl jete anba.
San li gaye sou tout miray la ak sou chwal yo. Jeou fè
chwal li yo ak cha lagè li a pase sou kadav la. 34 Li antre
nan palè a, li manje, li bwè. Apre sa li di: —Al okipe fanm
madichon an! Antere l'. Tout jan, se pitit fi yon wa li ye. 35
Men, lè mesye yo ale pou antere l' yo pa jwenn anyen
pase zo bwa tèt li, de pye l' ak de pla men l' yo. 36 Yo
tounen al fè rapò yo bay Jeou. Jeou di konsa: —Se sa
menm Seyè a te di ki pou te rive l' lè li te bay Eli, moun
Tichbe a mesaj sa a pou li: Chen va manje Jezabèl nan
peyi Jizreyèl. 37 Kadav li pral tounen fimye gaye nan tout
jaden zòn Jizreyèl la. Konsa pesonn p'ap ka rekonèt li.

10 Akab te gen swasanndis pitit gason nan lavil Samari.
Jeou ekri yon lèt, li voye yon kopi bay tout chèf
ki lavil Samari yo, bay chèf fanmi yo ak bay moun ki
reskonsab pitit Akab yo. Men sa li voye di yo: 2 —Mwen
konnen se nou menm ki gen reskonsablite tout pitit mèt
nou yo, cha lagè li yo, chwal li yo, ranpa lavil la ak tout
zam ki ladan l'. Resevwa n'a resevwa lèt sa a, 3 n'a
chwazi yonn nan pitit mèt nou an, sa nou wè ki pi bon
an, sa ki gen kalite pou sa, n'a mete l' sou fotèy la nan
plas papa l'. Lèfini, n'a goumen pou pran defans li. 4 Men

mesye yo te pè anpil, yo di: —De wa pa t' ka kenbe tèt
ak li. Kote se nou ki pou ta rive fè l'! 5 Se konsa ofisye
ki te anchaj palè a, gouvènè lavil la, chèf fanmi yo ak
reskonsab pitit wa yo voye di Jeou: —Se sou zòd ou
nou ye, n'ap fè tou sa ou di nou fè. Men, nou p'ap mete
pesonn wa. W'a fè sa w'a wè ki pi bon. 6 Jeou voye
yon dezyèm lèt ba yo, li di yo: —Si nou avè m', si nou
vle koute lòd mwen enben, denmen lè konsa, pote tèt
pitit Akab yo ban mwen isit lavil Jizreyèl. Swasanndis
pitit Akab yo te lakay grannèg lavil Samari ki t'ap elve
yo. 7 Lè yo resevwa lèt Jeou a, yo touye swasanndis
pitit Akab yo, yo mete tèt yo nan panyen, yo voye yo bay
Jeou lavil Jizreyèl. 8 Lè yo vin di Jeou yo te pote tèt pitit
wa Akab yo, li bay lòd pou yo fè de pil ak yo bò pòtay
lavil la, kite yo la jouk denmen maten. 9 Nan denmen
maten li soti, l' ale kanpe bò pòtay la, li di moun ki te la
yo: —Se mwen menm ki te fè konplo kont Joram, mèt
mwen an, pou m' te touye l'. Nou pa gen anyen pou nou
wè nan sa. Men, sa yo, ki moun ki touye yo? 10 Sa vle di
Seyè a pa nan pale mete la. Tou sa li te di sou fanmi
Akab la te fèt pou rive vre. Se Seyè a menm ki fè tou sa
rive jan li te di sa nan bouch Eli, sèvitè l' la. 11 Se konsa
Jeou touye tout rès fanmi Akab ki te lavil Jizreyèl, tout
grannèg ki t'ap sèvi avè l' li yo, bon zanmi l' yo ak prèt li
yo. Li pa kite yonn ladan yo vivan. 12 Apre sa, li pati pou
lavil Samari. Sou wout la, lè li rive bò kan gadò mouton
yo, 13 li jwenn ak kèk fanmi Okozyas, wa peyi Jida a. Li
mande yo: —Ki moun nou ye? Yo reponn li: —Nou se
fanmi wa Okozyas. Nou pral di pitit wa a ak pitit larenn lan
bonjou. 14 Jeou bay moun ki te avè l' yo lòd sa a: —Pran
yo tou vivan! Yo pran yo tou vivan, yo koupe kou yo bò
kan gadò mouton yo. Te gen karannde moun antou. Yo pa
kite yonn ladan yo vivan. 15 Jeou pati ankò. Sou wout li, li
kontre ak Jonadab, pitit gason Rekab la, ki t'ap mache
vin jwenn li. Jeou di l' bonjou, epi li di l' konsa: —Ou gen
menm lide avè m'? Eske w'ap mache avè m'? Jonadab
reponn: —Wi, m'ap mache avè ou. Jeou di li: —Si nou
dakò, ban m' lanmen. Jonadab ak Jeou bay lanmen. Jeou
ede l' moute sou cha lagè a bò kote l'. 16 Li di l' konsa:
—Ann al avè m'. W'a wè jan mwen soti pou m' sèvi Seyè
a. Se konsa yo pati ansanm sou cha a. 17 Lè yo rive lavil
Samari, Jeou touye dènye rès moun nan fanmi Akab la. Li
pa kite yonn ladan yo vivan, dapre pawòl Seyè a te mete
nan bouch pwofèt Eli a. 18 Apre sa, Jeou reyini tout pèp
lavil Samari a, li di yo: —Akab te sèvi Baal yon ti kras,
mwen menm m'ap sèvi l' plis pase l'. 19 Se poutèt sa, fè
chache tout pwofèt yo, tout sèvitè Baal yo ak tout prèt li
yo, fè yo vin jwenn mwen. Mwen vle pou tout moun la,
paske mwen gen pou m' fè yon gwo sèvis pou Baal. Si
yon moun pa la l'ap mouri. Men se yon plan Jeou te gen
nan tèt li pou l' te touye tout moun k'ap sèvi Baal. 20 Se
poutèt sa li bay lòd pou yo fè tout moun konnen yo pral fè
yon gwo sèvis pou Baal. Yo fè piblikasyon an. 21 Jeou
voye bay nouvèl la nan tout peyi Izrayèl la. Tout moun ki
sèvi Baal yo vini. Pa t' gen yonn ki pa t' la. Yo tout antre
nan tanp Baal la, yo plenn l' nèt. 22 Jeou rele moun ki
te reskonsab rad seremoni yo, li di l' konsa: —Pran rad
seremoni bay tout sèvitè Baal yo. Nonm lan mete rad yo
deyò, li bay yo chak yonn. 23 Lèfini, Jeou ak Jonadab,
pitit Rekab la, rive nan tanp Baal la, li di moun yo: —Se
pou nou sèten se renk moun ki sèvi Baal ki la avè nou. Pa
kite ankenn moun k'ap sèvi Seyè a nan mitan nou. 24
Tout moun yo antre nan tanp lan pou ofri bèt pou yo touye
pou Baal ak bèt pou yo boule pou li. Men, Jeou te mete
katreven moun pa l' sou deyò tanp lan. Li te avèti yo, li te
di yo: —Si yonn nan nou kite yonn nan moun mwen pral
lage nan men nou yo chape, se li menm k'ap mouri nan
plas li. 25 Fini Jeou fini boule bèt yo pou Baal, li di gad yo
ak kaptenn yo: —Antre, touye yo tout! Pa kite yonn ladan
yo chape! Mesye Jeou yo antre ak nepe nan men yo, yo
touye tout moun, yo trennen kadav yo met deyò. Lèfini, yo
tounen nan pyès kote lotèl la ye nan tanp Baal la. 26 Yo
pran poto yo te mete kanpe pou Baal la, yo pote l' deyò,
yo boule l'. 27 Yo demoli lotèl Baal la ansanm ak tanp lan.
Yo pran tanp lan yo fè l' sèvi latrin jouk jounen jòdi a. 28
Se konsa Jeou fè disparèt sèvis Baal nan peyi Izrayèl
la. 29 Men li tonbe nan menm peche ak wa Jewoboram,
pitit Nebat la, ki te lakòz pèp Izrayèl fè sa ki mal: li sèvi
estati lò an fòm towo bèf ki te lavil Betèl ak lavil Dann. 30
Seyè a di Jeou konsa: —Ou fè fanmi wa Akab la tou sa
m' te vle fè yo. Ou byen fèt, ou fè sa ki dwat nan je m'. Se
poutèt sa, pitit pitit ou yo pral wa nan peyi Izrayèl la rive
sou kat jenerasyon. 31 Men, Jeou pa t' bat kò l' plis pase
sa pou l' te mache dapre lalwa Seyè a. Okontrè, li lage
kò l' nan fè menm peche ak wa Jewoboram ki te lakòz
pèp Izrayèl la fè sa ki mal. 32 Lè sa a, Seyè a konmanse
wonyen sou teritwa peyi Izrayèl la. Wa Azayèl atake moun
Izrayèl yo toupatou nan peyi a, 33 depi sou bò solèy leve
larivyè Jouden jouk lavil Awoyè, anwo ravin Amon an nan
sid, ki vle di nan tout peyi Galarad la ak peyi Bazan an
kote moun branch fanmi Gad, fanmi Woubenn ak fanmi
Manase yo rete. 34 Tout rès istwa Jeou a ansanm ak
tou sa li te fè ak kote yo rakonte jan li te vanyan sòlda,
n'a jwenn tou sa ekri nan liv Istwa wa Izrayèl yo. 35 Lè
Jeou mouri, yo antere l' lavil Samari. Se Joakaz, pitit li, ki
moute wa nan plas li. 36 Jeou te gouvènen peyi Izrayèl
pandan ventwitan nan lavil Samari.

11 Lè Atali, manman Okozyas, vin konnen yo te touye
pitit li a, li bay lòd pou yo touye tout rès fanmi wa
a. 2 Men lè yo t'ap touye pitit wa yo, Jocheba, pitit fi wa
Joram, sè menm papa ak Okozyas la, te pran Joas, yonn
nan pitit gason Okozyas yo, li kache l' ansanm ak moun
ki te sèvi l' nouris la nan yon chanm kote moun dòmi
nan tanp lan. Yo pa kite Atali wè Joas. Se konsa Joas
pa mouri. 3 Joas rete kache nan tanp lan ansanm ak
moun ki te sèvi l' nouris la pandan sizan. Atali menm t'ap
gouvènen peyi a. 4 Sou setyèm lanne a, Jeojada, prèt la,
fè chache tout kaptenn gadkò wa a ak tout chèf gad palè
yo, li fè yo vin jwenn li nan tanp lan. La, li pran dizon ak
yo, li fè yo fè sèman epi li moutre yo Joas, pitit wa a. 5

Apre sa, li ba yo lòd sa a: —Men sa nou pral fè! N'ap
separe moun k'ap vin pran pòs jou repo a an twa gwoup
menm fòs, yon gwoup va fè pòs nan palè wa a, 6 yon lòt
gwoup va kanpe bò pòtay Sou a, dènye gwoup la va rete
bò pòtay ki dèyè lòt gad yo. Y'a moute lagad nan palè wa
a yonn apre lòt. 7 De gwoup gad k'ap leve pòs jou repo a
va moute gad nan tanp Seyè a pou pwoteje wa a. 8 N'a
fè yon gwo wonn ak wa a nan mitan. N'a kenbe zam nou
nan men nou. Si yon moun ta vle pase nan mitan nou se
pou nou touye l'. Kote wa a va fè, n'a fè avè l'. 9 Kaptenn
yo fè tou sa Jeojada, prèt la, te ba yo lòd fè a. Yo pran
tout gad yo, ni sa ki t'ap pran pòs jou repo a, ni sa ki t'ap
leve pòs jou sa a tou, y' al jwenn Jeojada, prèt la. 10
Jeojada pran frenn ak plak pwotèj wa David yo ki te nan
Tanp Seyè a, li bay kaptenn gad yo kenbe. 11 Gad yo
menm, yo chak ak zam yo nan men yo, li ranje yo tout
devan Tanp lan depi sou bò dwat rive sou bò gòch, yo fè
wonn lotèl la pou pwoteje wa a. 12 Lè sa a, Jeojada fè
pitit wa a soti. Li mete kouwòn lan sou tèt li, li renmèt li
kontra Bondye a. Li vide lwil sou tèt li epi li deklare Joas
wa. Tout moun bat bravo, yo pran rele: Viv wa a! 13 Lè
Atali tande tout bri gad yo ak pèp la t'ap fè, li kouri al nan
tanp lan kote moun yo te ye a. 14 Li wè wa a kanpe bò
gwo poto a, jan sa te toujou fèt la. Tout chèf yo ak tout
mizisyen yo te bò kote wa a, tout pèp la te kontan, yo t'ap
kònen twonpèt. Lè Atali wè sa, kè l' kase. Li chire rad
sou li, li rele: —Men yo moute yon konplo sou do m! 15
Lamenm Jeojada, prèt la, bay kaptenn ki t'ap kòmande
lame a lòd sa a: —Pase nan mitan de ran sòlda yo avè l',
mennen l' deyò. Touye nenpòt moun nou wè k'ap swiv li.
Prèt la pa t' vle pou yo touye l' nan Tanp Seyè a. 16 Yo
pran Atali, yo mennen l' nan palè wa a bò Pòtay Chwal
yo. Se la yo touye l'. 17 Apre sa, Jeojada, prèt la, pase
yon kontra ant Seyè a ak wa a ansanm ak pèp la. Dapre
kontra a, yo rekonèt se pèp Seyè a yo ye. Li pase yon
kontra tou ant wa a ak pèp la. 18 Lèfini, tout pèp la al nan
tanp Baal la, yo demoli l'. Yo kraze tout lotèl yo ak tout
estati yo byen kraze. Yo touye Matan, prèt Baal la, devan
lotèl yo. Jeojada mete gad veye Tanp Seyè a. 19 Apre sa,
li menm, kaptenn yo, gad wa yo, gad palè yo ak tout pèp
la, yo soti nan Tanp lan ansanm ak wa a, y' ale nan palè
wa a. Yo pase antre nan pòt gad yo. Joas al chita sou
fotèy wa a. 20 Tout pèp la te kontan anpil. Yo te touye
Ati ak kout nepe nan palè wa a. Apre sa, pa t' gen yon ti
bri nan tout lavil la. 21 Joas te gen sètan lè l' moute wa.

12 Lè sa a, Jeou t'ap mache sou sètan depi li t'ap
gouvènen. Joas pase karantan lavil Jerizalèm ap
dirije peyi a. Manman l' te yon moun lavil Bècheba ki
te rele Zibya. 2 Joas pase tout lavi li ap fè sa ki dwat
devan Seyè a, paske se Jeojada, prèt la, ki te leve l'. 3
Tansèlman, se pa sa ki te fè tanp zidòl yo disparèt nan
peyi a. Moun yo te toujou ap fè ofrann, ap boule lansan
nan tanp sa yo. 4 Yon jou, Joas rele prèt yo, li di yo: —Se
nou ki pou reskonsab tout lajan ofrann yo pote nan tanp
Seyè a, ni lajan chak moun fèt pou yo bay pou sakrifis yo,
ni lajan moun yo vle bay paske yo fè lide a. 5 Chak prèt
va resevwa lajan nan men moun yo konnen. Y'a sèvi ak
lajan sa a pou fè reparasyon ki bezwen fèt nan Tanp lan.
6 Men, Joas te gen tan ap mache sou venntwazan depi li
te wa, prèt yo pa t' fè ankenn reparasyon nan Tanp Seyè
a. 7 Wa Joas rele Jeojada, prèt la, ansanm ak tout lòt prèt
yo, li di yo: —Poukisa nou pa fè reparasyon nan Tanp
lan? Depi jòdi a, nou p'ap resevwa lajan ankò nan men
moun nou konnen yo. Se pou nou renmèt lajan an pou yo
ka fè reparasyon nan tanp lan. 8 Prèt yo dakò pou yo pa
kenbe lajan yo resevwa nan men pèp la ankò, lèfini pou
yo pa reskonsab fè reparasyon nan Tanp lan. 9 Lè sa a,
Jeojada, prèt la, pran yon bwat, li fè yon twou nan kouvèti
li, li mete l' toupre lotèl la, sou bò dwat lè w'ap antre nan
Tanp Seyè a. Se ladan l' prèt ki t'ap veye nan papòt Tanp
lan mete tout lajan yo te bay pou Tanp lan. 10 Chak fwa
yo wè te gen bonkou lajan nan bwat la, sekretè wa a
ansanm ak granprèt la vini, yo kontwole lajan an, yo mete
l' nan sak. 11 Lè yo fin make kantite lajan yo te jwenn lan,
yo renmèt li bay moun ki te reskonsab travay ki pou fèt
nan Tanp lan. Moun sa yo menm peye bòs chapant yo,
lòt bòs ki t'ap fè travay nan Tanp lan, 12 bòs mason yo
ak moun k'ap taye wòch yo. Yo achte bwa ak gwo wòch
taye pou fè reparasyon nan Tanp Seyè a. Se yo menm
ki te fè tout kalite depans pou sa. 13 Men yo pa t' pran
nan lajan yo te pote nan Tanp lan pou fè gwo basin an
ajan, kouto, bòl ak twonpèt yo, ni ankenn lòt bagay an lò
osinon an ajan. 14 Yo te renmèt tout lajan an bay moun
ki te reskonsab travay yo pou yo te ka sèvi avè l' pou
fè reparasyon nan Tanp Seyè a. 15 Yo pa t' fè ankenn
regleman ak moun ki te reskonsab lajan pou peye travayè
yo, paske se moun serye yo te ye. 16 Yo pa t' mete lajan
ofrann moun fè pou peye pou sa yo fè ki mal ak lajan
ofrann moun fè pou peche yo fè san yo pa konnen nan
bwat Tanp Seyè a. Se pou prèt yo li te ye. 17 Lè sa a,
Azayèl, wa peyi Siri a, atake lavil Gat. Li pran l', lèfini li
pran mache sou lavil Jerizalèm. 18 Joas, wa peyi Jida a,
pran tout bagay zansèt li yo, depi Jozafa ak Joram rive
sou Okozyas ki te ansyen wa peyi Jida yo, te ofri bay
Seyè a ansanm ak tout bagay li menm li te ofri bay Seyè
a epi ki te nan Tanp lan, li pran tout lò li jwenn nan trezò
Tanp lan ak tout lò ki te nan palè a, li voye yo fè Azayèl,
wa peyi Siri a, kado. Azayèl chanje lide, li pa moute atake
lavil Jerizalèm ankò. 19 Tout rès istwa Joas ak tou sa li te
fè, n'a jwenn yo ekri nan liv Istwa Wa peyi Jida yo. 20 Se
pwòp chèf li yo ki te moute yon konplo sou do l'. Yo touye
l' nan kay yo te bati sou ranblè ki sou bò solèy leve lavil
Jerizalèm lan, sou wout ki mennen desann bò Sila a. 21
Se Jozaka, pitit Chimeya, ak Jozabab, pitit Chomè, de
chèf ki t'ap sèvi ak wa a, ki touye l'. Yo antere Joas nan
lavil David nan kavo fanmi an. Se Amasya, pitit gason li,
ki moute wa nan plas li.

13 Joas, pitit wa Okozyas, t'ap mache sou venntwazan
depi li t'ap gouvènen peyi Jida a lè Joakaz, pitit
Jeou, moute wa nan peyi Izrayèl. Li gouvènen pandan

disetan nan lavil Samari. 2 Men, li te fè sa ki mal nan je
Seyè a, li te lage kò l' nan fè menm peche ak Jewoboram,
pitit Nebat la, li lakòz pèp Izrayèl la peche tou. Li pa t' soti
pou l' te kite vye chemen sa a. 3 Se konsa li fè Seyè
a fache sou moun peyi Izrayèl yo. Se sa ki fè Seyè a
te lage yo nan men Azayèl, wa peyi Siri a, ak nan men
Bennadad, pitit li, anpil fwa. 4 Lè sa a, Joakaz lapriyè nan
pye Seyè a. Seyè a reponn li paske li te wè jan wa peyi
Siri a t'ap toupizi moun peyi Izrayèl yo. 5 Seyè a voye yon
moun pou sove pèp la. Se konsa, moun peyi Izrayèl yo
soti anba men pèp Siri a. Yo tanmen viv ankò ak kè poze
tankou anvan. 6 Atousa, yo pa t' sispann fè peche fanmi
Jewoboram yo te lakòz pèp la te fè. Yo lage kò yo nan
fè menm peche yo tou. Estati Astate a te toujou kanpe
lavil Samari. 7 Lame Joakaz te rete avèk sèlman senkant
kavalye, dis cha lagè ak dimil (10.000) sòlda apye, paske
wa peyi Siri a te touye tout lòt yo, li te pilonnen yo anba
pye l' tankou pousyè. 8 Rès istwa Joakaz la ansanm ak
tou sa li te fè, n'a jwenn yo ekri nan liv Istwa Wa peyi
Izrayèl yo. 9 Lè Joakaz mouri, yo antere l' lavil Samari.
Se Joas, pitit gason l' lan, ki moute wa nan plas li. 10 Wa
Joas t'ap mache sou trannsetan depi li t'ap gouvènen peyi
Jida lè Joas, pitit Joakaz la, moute wa peyi Izrayèl. Li
gouvènen peyi a pandan sèzan nan lavil Samari. 11 Men,
li te fè sa ki mal nan je Seyè a, li te lage kò l' nan fè menm
peche ak Jewoboram, pitit Nebat la, li lakòz pèp Izrayèl la
peche tou. Li lage kò l' pi rèd ladan l'. 12 Tout rès istwa
Joas la, tout sa li te fè, jan li te vanyan sòlda lè li t'ap fè
lagè ak Amasya, wa peyi Jida a, tou sa te ekri nan liv
Istwa Wa peyi Izrayèl yo. 13 Lè li mouri, yo antere l' menm
kote ak lòt wa peyi Izrayèl yo lavil Samari. Se Jewoboram
ki moute wa nan plas li. 14 Elize tonbe malad. Se maladi
sa a ki te pou pote l' ale. Joas, wa peyi Izrayèl la, al wè l'.
Wa a kriye, li lage kò l' sou figi Elize, li di konsa: —Papa
mwen! Papa mwen! Ou menm ki te tankou yon gwo lame
pou pran defans peyi Izrayèl la, w'ap mouri vre! 15 Elize
di li: —Pran yon banza ak kèk flèch. Wa a pran yon banza
ak kèk flèch. 16 Lè sa a, Elize di l' konsa: —Pare ou pou
ou tire yon flèch. Wa a pare. Elize mete men pa l' sou
men wa a. 17 Li di l': —Louvri fennèt ki bay sou solèy leve
a. Wa a louvri fennèt la. Elize di li: —Koulye a tire! Wa a
tire flèch la, lè sa a Elize pale byen fò li di: —Men flèch
Seyè a voye pou bay delivrans lan, flèch ki pral kraze peyi
Siri a! Ou pral bat moun Siri yo lavil Afèk jouk ou a fini ak
yo. 18 Apre sa, Elize di wa a: —Pran lòt flèch yo! Wa a
pran flèch yo. Elize di li: —Frape yo atè. Wa a frape yo
atè an twa fwa epi li rete. 19 Lè sa a, pwofèt la fache
sou li, li di l' konsa: —Se pou ou te frape atè a senk fwa
osinon sis fwa. Konsa, ou ta bat moun peyi Siri yo jouk ou
ta fini nèt nèt ak yo. Koulye a, ou pral bat yo twa fwa ase.
20 Elize mouri, yo antere l'. Chak lanne moun Moab yo te
konn fè bann pou vin fè piyay nan peyi Izrayèl la. 21 Yon
lè moun peyi Izrayèl yo tapral antere yon moun mouri, yo
wè yonn nan bann moun Moab yo, yo prese lage kadav la
nan tonm Elize a epi yo met deyò. Kadav la al tonbe sou
zosman Elize yo. Lamenm, mò a leve vivan, li kanpe sou
de pye l'. 22 Azayèl, wa peyi Siri a, te maltrete pèp peyi
Izrayèl la pandan tout reny Joakaz. 23 Men, Seyè a te aji
byen ak moun peyi Izrayèl yo, li te gen pitye pou yo. Li
pa t' kite moun fini ak yo, li te ede yo poutèt kontra li te
pase ak Abraram, Izarak ak Jakòb. Li pa janm bliye pèp li
a, jouk lè sa a. 24 Lè Azayèl, wa peyi Siri a, mouri, se
Bennadad, pitit li, ki moute wa nan plas li. 25 Wa Joas,
pitit gason Joakaz, repran nan men Bennadad tout lavil
Azayèl te pran yo lè li t'ap fè lagè ak Joakaz la, papa l'.
Joas bat Bennadad an twa fwa, li reprann tout lavil peyi
Izrayèl yo nan men l'.

14 Wa Joas, pitit gason Joakaz la, t'ap mache sou
dezan depi li t'ap gouvènen peyi Izrayèl lè Amasya,
pitit Joas, moute wa nan peyi Jida. 2 Li te gen vennsenkan
lè sa a. Li gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan ventnevan.
Manman l' te rele Jeojadan. Se te yon moun lavil Jerizalèm.
3 Li te fè sa ki dwat devan Seyè a, men pa tankou
David, zansèt li a. Li te fè menm jan ak Joas, papa l'. 4
Tansèlman, li pa t' kraze tanp bondye lòt nasyon yo, kifè
moun yo te toujou al touye bèt, boule lansan nan tanp sa
yo. 5 Lè Amasya santi li byen chita sou pouvwa a, li fè
touye tout chèf nan lame a ki te touye papa l'. 6 Men,
li pa t' manyen pitit ansasen sa yo, paske, dapre sa ki
ekri nan liv lalwa Moyiz la, Seyè a te di: Papa pa gen
dwa peye pou sa pitit li yo fè, ni pitit pa gen dwa peye
pou sa papa yo fè. Chak moun va peye pou sa yo fè. 7
Amasya te touye dimil (10.000) sòlda peyi Edon nan fon
Sale a. Li goumen jouk li pran lavil Sela. Li rele l' Jokteyèl,
non ki rete pou li jouk jounen jòdi a. 8 Apre sa, Amasya
voye misyon bay Joas, pitit Joakaz, pitit pitit Jeou, wa peyi
Izrayèl la, li mande l' batay. 9 Joas voye reponn li: —Yon
lè, yon touf pikan ki te sou mòn Liban voye yon misyon
bay pye sèd la. Li di l' konsa: Bay pitit gason m' lan pitit fi
ou la pou l' marye avè l'. Yon bèt nan bwa pase bò la,
li kraze touf pikan an. 10 Se pou m' di ou, Amasya, ou
kraze moun peyi Edon yo. Koulye a, ou santi ou gwonèg
anpil. M' byen kontan pou ou. Gonfle lestonmak ou jan
ou kapab, men rete sou sa ou fè a. Poukisa pou w'ap
chache traka bay kò ou pou sa pase mal ni pou ou ni pou
peyi Jida a? 11 Men, Amasya derefize koute l'. Se konsa,
Joas soti ak lame li pou l' al goumen ak Amasya bò lavil
Betchemèch nan peyi Jida. 12 Lame Izrayèl la bat lame
Jida a byen bat. Tout sòlda peyi Jida yo vole gagè, y' al
lakay yo. 13 Joas, wa peyi Izrayèl la, fè Amasya, wa peyi
Jida a, prizonye lavil Bètchemèch. Lèfini li mache sou lavil
Jerizalèm, li kraze miray ranpa lavil la depi nan Pòtay
Efrayim rive bò Pòtay Kwen an sou yon longè sankatreven
mèt antou. 14 Li pran dènye bagay an lò ak an ajan li
jwenn, tou sa ki te nan Tanp Seyè a ak tout richès ki te
nan palè wa a. Li pote yo avè l' lavil Samari, san konte
kantite moun li te fè prizonye sou kondisyon. 15 Tout rès
istwa Joas la, tou sa li te fè, jan li te vanyan sòlda lè
li t'ap goumen ak Amasya, wa peyi Jida a, nou jwenn
tou sa ekri nan liv Istwa wa peyi Izrayèl yo. 16 Lè Joas

mouri, yo antere l' lavil Samari nan kavo wa Izrayèl yo.
Se Jewoboram, pitit gason l' lan, ki moute wa nan plas
li. **17** Amasya, pitit Joas, wa peyi Jida a, te viv kenzan
ankò apre lanmò Joas, pitit Joakaz, wa peyi Izrayèl la. **18**
Tout rès istwa Amasya a ekri nan liv Istwa wa peyi Jida
yo. **19** Yo moute yon konplo lavil Jerizalèm pou yo touye
Amasya. Se konsa Amasya kouri al kache lavil Lakis.
Men, lènmi l' yo rapouswiv li, yo touye l'. **20** Apre sa, yo
mete kadav li sou chwal, yo tounen avè l' lavil Jerizalèm,
yo antere l' lavil David la nan kavo zansèt li yo. **21** Tout
pèp peyi Jida a pran Azarya, pitit gason Amasya a, yo
fè l' wa nan plas papa l'. Azarya te gen sèzan lè sa a.
22 Se li menm ki reprann lavil Elat, li fè l' tounen anba
otorite wa Jida a, apre lanmò papa l'. **23** Amasya, pitit
Joas, t'ap mache sou kenzan depi li t'ap gouvènen peyi
Jida lè Jewoboram, pitit Joas, wa peyi Izrayèl la, moute
wa nan plas papa l'. Li gouvènen nan lavil Samari pandan
karanteyen an. **24** Men li fè sa ki mal nan je Seyè a, li te
lage kò l' nan fè menm peche ak Jewoboram, pitit Nebat
la, li lakòz pèp Izrayèl la peche tou. **25** Se Jewoboram ki
reprann tout zòn ki te pou peyi Izrayèl la depi nan Pas
Amat la nan nò, rive Lanmè Mouri a nan sid, jan Seyè a,
Bondye pèp Izrayèl la, te bay Jonas, sèvitè l' la, mesaj
la. Jonas sa a, pitit Amitayi, te yon pwofèt lavil Gatefè.
26 Seyè a te wè jan pèp Izrayèl la t'ap soufri anpil. Tout
moun, jenn gason kou granmoun, t'ap pase pa yo. Pa
t'gen pyès moun pou pote yo sekou. **27** Se konsa, li voye
Jewoboram, pitit Joas la, pou vin delivre yo, paske se pa
t' janm lide l' pou l' te disparèt yo sou latè. **28** Tout rès
istwa Jewoboram lan, tou sa li fè, jan li te vanyan sòlda lè
li t'ap fè lagè, jan li te fè lavil Damas ak lavil Amat soti
anba men moun Jida yo tounen anba otorite wa Izrayèl
la, n'a jwenn tou sa ekri nan liv Istwa wa Izrayèl yo. **29**
Lè Jewoboram mouri, yo antere l' menm kote ak tout wa
Izrayèl yo. Se Zakari, pitit li, ki moute wa nan plas li.

15 Wa Jewoboram te gen vennsetan depi li t'ap
gouvènen peyi Izrayèl lè Azarya, pitit Amasya,
moute wa nan peyi Jida. **2** Li te gen sèzan lè sa a. Li
gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan senkanndezan.
Manman l' te rele Jekolya. Se te moun lavil Jerizalèm. **3**
Li te fè sa ki dwat devan Seyè a, menm jan ak Amasya,
papa l'. **4** Tansèlman, li pa t' kraze tanp bondye lòt nasyon
yo, kifè moun yo te toujou al touye bèt, boule lansan nan
tanp sa yo. **5** Seyè a peni wa a pou sa. Li voye yon move
maladi po sou li ki rete avè l' jouk jou li mouri. Li te rete
nan yon kay apa, yo pa t' kite l' gouvènen. Se Jotam,
pitit li, ki te chèf nan palè a. Se li menm ki te regle tout
zafè nan peyi a. **6** Tout rès istwa Azarya a ak tou sa li
te fè, n'a jwenn sa ekri nan liv Istwa wa peyi Jida yo.
7 Lè Azarya mouri, yo antere l' menm kote ak zansèt
li yo nan lavil David la. Se Jotam, pitit gason l' lan, ki
moute wa nan plas li. **8** Wa Azarya te gen tranntwitan
depi li t'ap gouvènen peyi Jida lè Zakari, pitit Jewoboram,
moute wa nan peyi Izrayèl. Li gouvènen nan lavil Samari
pandan sis mwa. **9** Men li fè sa ki mal nan je Seyè a
tankou zansèt li yo. Li te lage kò l' nan fè menm peche
ak Jewoboram, pitit Nebat la, li te lakòz pèp Izrayèl la
peche tou. **10** Chaloum, pitit Jabès, moute yon konplo sou
do Zakari. Li atake l' lavil Jibleyam, li ansasinen l'. Apre
sa, li moute wa nan plas li. **11** Tout rès istwa Zakari a
ekri nan liv Istwa wa peyi Izrayèl yo. **12** Se konsa pawòl
Seyè a te di Jeou a rive vre. Li te di l': Pitit ou yo ap chita
sou fotèy wa peyi Izrayèl la jouk sou kat jenerasyon apre
ou. **13** Wa Azarya te gen trannevan depi li t'ap gouvènen
peyi Jida a lè Chaloum, pitit Jabès, moute wa nan peyi
Izrayèl. Li gouvènen nan lavil Samari pandan yon mwa.
14 Menayèm, pitit gason Gadi, soti lavil Tiza, li moute lavil
Samari, l' al atake Chaloum. Li touye l', lèfini li moute wa
nan plas li. **15** Tout rès istwa Chaloum lan ak konplo li te
moute sou do Zakari a, tou sa ekri nan liv Istwa wa peyi
Izrayèl yo. **16** Apre sa, Menayèm soti lavil Tiza, li atake
lavil Tifsak, li touye dènye moun ki te rete ladan l' ak nan
tout vwazenaj lavil la. Li menm rive louvri vant tout fanm
ansent yo. Li te fè sa paske yo pa t' louvri pòtay lavil la ba
li. **17** Wa Azarya t'ap mache sou tranteyennan depi li t'ap
gouvènen peyi Jida lè Menayèm, pitit Gadi, moute wa nan
peyi Izrayèl. Li gouvènen nan lavil Samari pandan dizan.
18 Men, li fè sa ki mal nan je Seyè a. Jouk jou li mouri a, li
lage kò l' nan fè menm peche ak Jewoboram, pitit Nebat
la. Li lakòz pèp Izrayèl la peche tou. **19** Poul, wa peyi
Lasiri, anvayi peyi a. Menayèm bay Poul twamil (3000)
kilo ajan pou Poul te ka ede l' chita pouvwa li nan peyi a.
20 Pou Menayèm te ka peye kantite lajan sa a bay wa
Lasiri a, li pase lòd nan peyi a pou chak moun rich nan
peyi Izrayèl la bay yon demi kilo ajan yo chak. Apre sa, wa
peyi Lasiri a tounen lakay li, li pa rete pi lontan nan peyi
Izrayèl. **21** Tout rès istwa Menayèm lan ak tou sa li te fè,
nou jwenn sa ekri nan liv Istwa wa peyi Izrayèl yo. **22** Lè li
mouri, se Pekaya, pitit li, ki moute wa nan plas li. **23** Wa
Azarya t'ap mache sou senkantan depi li t'ap gouvènen
peyi Jida lè Pekaya, pitit Menayèm, moute wa nan peyi
Izrayèl. Li gouvènen nan lavil Samari pandan dezan. **24**
Men, li fè sa ki mal nan je Seyè a. Li te lage kò l' nan fè
menm peche ak Jewoboram, pitit Nebat la. Li lakòz pèp
Izrayèl la peche tou. **25** Men, yonn nan òdonans li yo,
Peka, pitit gason Remalya, moute yon konplo sou do li. Li
pran senkant gason nan lavil Galarad, l' al atake gwo fò ki
nan palè wa a lavil Samari, li touye l'. Lèfini, li moute wa
nan plas li. **26** Tout rès istwa Pekaya a ak tou sa li te
fè, nou jwenn sa ekri nan liv Istwa wa peyi Izrayèl yo.
27 Wa Azarya t'ap mache sou senkanndezan depi li t'ap
gouvènen peyi Jida lè Peka, pitit Remalya, moute wa nan
peyi Izrayèl. Li gouvènen nan lavil Samari pandan ventan.
28 Li fè sa ki mal nan je Seyè a. Li te lage kò l' nan fè
menm peche ak Jewoboram, pitit Nebat la. Li lakòz pèp
Izrayèl la peche tou. **29** Se sou reny Peka, Tiglat Pilesè,
wa peyi Lasiri, anvayi peyi a, li pran lavil Ijon, lavil Abèl
bèt Maka, lavil Janoa, lavil Kadès, lavil Azò, tout teritwa
Galarad, tout teritwa Galile ak tout zòn Neftali a. Li fè tout
moun yo prizonye, li depòte yo nan peyi Lasiri. **30** Lè sa

a, Oze, pitit gason Ela a, moute yon konplo sou do Peka,
pitit Remalya a. Li atake l', li touye l'. Lèfini, li moute wa
nan plas li. Lè sa a, Jotam, pitit gason Ozyas la, te gen
ventan depi li t'ap gouvènen peyi Jida. 31 Tout rès istwa
Peka a ak tou sa li te fè, nou jwenn sa ekri nan liv Istwa
wa peyi Izrayèl yo. 32 Wa Peka, pitit Remalya, t'ap mache
sou dezan depi li t'ap gouvènen peyi Izrayèl lè Jotam, pitit
Ozyas, moute wa nan peyi Jida. 33 Li te gen vennsenkan
lè li moute wa. Li gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan
sèzan. Manman l' te rele Jewoucha. Se te pitit fi Zadòk.
34 Li te mache dwat devan Seyè a, li te fè menm jan ak
Ozyas, papa l'. 35 Tansèlman, li pa t' kraze tanp bondye
lòt nasyon yo, kifè moun yo te toujou al touye bèt, boule
lansan nan tanp sa yo. Se Jotam ki te bati gwo pòtay ki
nan Tanp Seyè a. 36 Tout rès istwa Jotam ak tou sa li te
fè, n'a jwenn sa ekri nan liv Istwa wa peyi Jida yo. 37 Se
sou reny li Seyè a te voye Rezin, wa peyi Siri, ak Peka,
pitit Remalya a, vin atake peyi Jida yonn apre lòt. 38 Lè
Jotam mouri, yo antere l' menm kote ak zansèt li yo nan
lavil David, zansèt li a. Se Akaz, pitit gason li, ki moute wa
nan plas li.

16 Wa Peka, pitit Remalya, te gen tan gen disetan depi
li t'ap gouvènen peyi Izrayèl lè Akaz, pitit Jotam,
moute wa peyi Jida. 2 Akaz te gen ventan lè sa a. Li
gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan sèzan. Men, li pa t'
mache dwat devan Seyè a, Bondye li a, tankou David,
zansèt li a, te fè l'. 3 Li te pito fè tankou wa peyi Izrayèl
yo, li menm rive ofri pwòp pitit gason l' pou yo boule pou
zidòl yo, dapre vye prensip krimenèl nasyon Seyè a te
mete deyò pou fè plas pou moun Izrayèl yo te konn swiv.
4 Li fè touye bèt, li boule lansan nan tout tanp zidòl yo sou
ti mòn yo ak anba gwo pyebwa. 5 Se sou reny Akaz,
Rezin, wa peyi Siri a, ak Peka, pitit gason Remalya a, wa
peyi Izrayèl, mache sou lavil Jerizalèm pou yo atake l'. Yo
fèmen Akaz anndan lavil la, men yo pa t' ka pran lavil la.
6 Se lè sa a wa peyi Edon an pwofite pou reprann lavil
Elat nan men moun peyi Jida yo, li mete yo deyò nan lavil
la. Se konsa moun Edon yo tounen nan lavil la kote yo
rete jouk jounen jòdi a. 7 Lè sa a, Akaz voye mesaj bay
Tiglat Pilesè, wa peyi Lasiri a, pou di l' konsa: —M'ap sèvi
ou tankou pitit ou. Tanpri, vin delivre m' anba men wa peyi
Siri a ak wa peyi Izrayèl la ki vin atake m'. 8 Akaz pran
ajan ak lò ki te nan tanp lan ak nan trezò palè wa a, li
voye yo fè Tiglat Pilesè, wa peyi Lasiri a, kado. 9 Wa
Lasiri a koute l' vre, li moute al atake lavil Damas, li pran
l'. Li depòte tout moun ki te rete la, mennen yo lavil Ki, epi
li fè touye Rezin. 10 Lè wa Akaz te lavil Damas pou l' te
kontre ak Tiglat Pilesè, wa peyi Lasiri a, li wè lotèl ki te la
a. Li leve plan lotèl la, li voye l' bay Ouri, prèt la. 11 Se
konsa, Ouri gen tan bati yon lotèl sou modèl wa Akaz te
voye ba li soti Damas la anvan menm Akaz tounen soti
Damas. 12 Lè Akaz tounen soti Damas, li wè lotèl la, li
pwoche, li moute bò lotèl la. 13 Li fè boule yon bèt sou li,
li fè ofrann grenn jaden. Li vide yon ofrann diven ak san
bèt li te ofri pou di mèsi a sou lotèl la tou. 14 Lotèl an kwiv
ki apa pou Seyè a te ant lotèl sa a ak kay Seyè a. Akaz fè
deplase l' wete devan Tanp lan, li mete l' sou kote lòt lotèl
la sou bò nò. 15 Epi Akaz bay Ouri lòd sa a: —Se sou
gwo lotèl mwen an pou ou fè ofrann bèt yo boule nèt chak
maten an ansanm ak ofrann grenn jaden chak aswè a. Se
sou li pou ou fè ofrann bèt pou boule nèt ak ofrann grenn
jaden pou wa a ak pou tout pèp la. Se sou li w'a ofri san
bèt y'a touye yo ak diven ofrann yo. Se sou li w'a vide san
tout bèt yo ofri pou boule nèt ak bèt y'a ofri bay Bondye.
Pou lotèl an kwiv la menm, kite sa sou kont mwen. 16
Ozyas, prèt la, fè tou sa wa Akaz te ba li lòd fè. 17 Apre
sa, wa Akaz fè demoute kabwa an kwiv yo. Li fè wete gwo
basin an kwiv ki te chita sou bèf yo, li fè mete l' sou yon
pave wòch. 18 Lèfini, pou l' te fè wa peyi Lasiri a plezi, li
wete platfòm yo te bati anndan Tanp lan pou jou repo a. Li
fè fèmen pòt deyò a kote wa a te konn pase pou antre
nan Tanp lan. 19 Tout rès istwa wa Akaz la, tou sa li te fè,
n'a jwenn sa ekri nan liv Istwa wa peyi Jida yo. 20 Lè wa
Akaz mouri, yo antere l' menm kote ak zansèt li yo nan
Lavil David. Se Ezekyas, pitit li, ki moute wa nan plas li.

17 Wa Akaz t'ap mache sou douzan depi li t'ap
gouvènen peyi Jida lè Oze, pitit Ela, moute wa
nan peyi Izrayèl. Li gouvènen nan lavil Samari pandan
nevan. 2 Li fè sa ki mal nan je Seyè a, men tansèlman
pa tankou lòt wa ki te gouvènen peyi Izrayèl la anvan
l' yo. 3 Salmanaza, wa peyi Lasiri a, atake Oze. Oze
soumèt devan l'. Li peye l' yon lajan chak lanne. 4 Men,
Salmanaza vin dekouvri Oze t'ap moute konplo sou do l'.
Oze te voye mesaje bò kot So, wa peyi Lejip, pou mande
l' konkou. Lèfini, li te sispann voye lajan li te gen pou l'
peye wa peyi Lasiri a chak lanne. Se konsa Salmanaza
fè arete Oze, mete l' nan prizon ak chenn nan pye l'. 5
Salmanaza anvayi peyi Izrayèl la. Li sènen lavil Samari
pandan twazan. 6 Oze te gen nevan depi li te wa lè wa
Lasiri a pran lavil Samari. Salmanaza fè tout pèp Izrayèl
la prizonye, li depòte yo nan peyi Lasiri. Li mete yon pati
ladan yo lavil Ala, toupre larivyè Abò nan zòn Gozan, yon
pati nan lavil peyi Medi yo. 7 Sa te rive konsa paske
moun peyi Izrayèl yo te fè peche kont Seyè a, Bondye yo
a, ki te fè yo soti kite peyi Lejip, ki te delivre yo anba men
farawon an, wa peyi Lejip la. Yo t'ap sèvi lòt bondye. 8 Yo
t'ap swiv mès moun lòt nasyon Seyè a te mete deyò nan
peyi a pou fè plas pou yo. Yo t'ap mache dapre lòt vye
prensip wa Izrayèl yo te ba yo. 9 Lèfini, moun peyi Izrayèl
yo te fè yon bann bagay yo pa t' dwe fè devan Seyè a. Yo
bati tanp pou zidòl nan tout lavil yo, depi nan ti bouk kote
ki gen avanpòs pou faksyonnè rive nan gwo lavil ak ranpa
yo. 10 Sou tout mòn, anba tout gwo pyebwa, yo kanpe
gwo wòch ak estati pou Achera, zidòl fanm lan. 11 Yo
boule lansan sou tout lotèl zidòl yo tankou moun Seyè a
te mete deyò nan peyi a te konn fè. Yo fè yon bann bagay
derespektan ki lakòz Seyè a te fache anpil. 12 Yo adore
zidòl, bagay Seyè a te ba yo lòd pa fè. 13 Seyè a te voye
mesaje ak pwofèt li yo avèti moun peyi Izrayèl yo ansanm
ak moun peyi Jida yo. Li te byen di yo: Manyè kite move

chemen n'ap swiv la! Fè sa m' mande nou fè. Kenbe lòd
mwen yo jan sa ye nan lalwa mwen te bay zansèt nou yo,
lalwa mwen te fè pwofèt yo, sèvitè m' yo, moutre nou
an. 14 Men, yo pa koute l', yo fè tèt di tankou zansèt yo
ki pa t' mete konfyans yo nan Seyè a, Bondye yo a. 15
Yo derefize kenbe lòd li yo, yo pa respekte kontra li te
pase ak zansèt yo. Yo pa okipe avètisman li te ba yo, yo
pran sèvi zidòl ki pa vo anyen. Yo menm, yo pèdi valè yo.
Yo pran fè tankou lòt nasyon k'ap viv bò kote yo t'ap fè,
yo dezobeyi lòd Seyè a ki te di yo pa fè sa. 16 Yo lage
tout kòmandman Seyè a, Bondye yo a, te ba yo. Yo fè de
estati towo an kwiv pou yo sèvi ak yon pòtre Achera, zidòl
fanm lan, yo sèvi zetwal nan syèl la ansanm ak Baal. 17
Yo bay pitit fi ak pitit gason yo pou boule pou bondye lòt
nasyon yo, y' al dèyè divinò ak chòche. Yo vann tèt yo, yo
lage kò yo nan fè sa ki mal nan je Seyè a, pou yo te ka fè
l' move jouk li pa kapab ankò. 18 Se konsa Seyè a fè yon
sèl move sou pèp Izrayèl la, li wete yo devan je l'. Pa rete
pase branch fanmi Jida a. 19 Men, ata moun peyi Jida yo
tou pa t' kenbe lòd Seyè a, Bondye yo a. Yo t'ap fè tankou
moun peyi Izrayèl yo. Yo t'ap fè tout vye bagay moun peyi
Izrayèl yo te ranmase. 20 Se poutèt sa Seyè a vire do bay
dènye moun nan ras Izrayèl la. Li fè yo wont, li lage yo
nan men yon bann piyajè, jouk li wete yo devan je l'. 21
Li separe pèp la, li mete moun peyi Izrayèl yo yon bò,
moun fanmi David yo yon bò. Moun peyi Izrayèl yo pran
Jewoboram, pitit Nebat, yo mete l' wa pou gouvènen yo.
Jewoboram lakòz yo kite chimen Seyè a nèt. Li fè yo fè
pi gwo peche toujou. 22 Moun peyi Izrayèl yo pran fè
tankou Jewoboram, yo donnen ladan l' san rete. 23 Bout
pou bout, Seyè a wete yo nèt devan je l', jan li te voye
sèvitè l' yo, pwofèt yo avèti yo a. Se konsa yo depòte
moun peyi Izrayèl yo byen lwen nan peyi Lasiri kote yo ye
jouk jounen jòdi a. 24 Wa peyi Lasiri a pran moun lavil
Babilòn, moun lavil Kout, moun lavil Ava, moun lavil Ama
ak moun lavil Sefavayim, li voye yo al rete nan lavil peyi
Samari nan plas moun Izrayèl li te fè depòte yo. Moun yo
pran peyi Samari a pou yo, y' al rete nan tout lavil yo. 25
Moun sa yo pa t' nan sèvi Seyè a. Konsa, lè yo fèk vin
tabli nan peyi a, Seyè a voye lyon ki touye kèk ladan yo.
26 Yo voye di wa peyi Lasiri a: Moun ou te voye vin rete
lavil peyi Samari yo pa konnen jan pou yo sèvi Bondye
peyi a. Se konsa bondye peyi a voye lyon k'ap fini ak yo.
27 Lè sa a, wa peyi Lasiri a bay lòd sa a: Pran yonn nan
prèt nou te fè prizonye yo, voye l' tounen al viv laba a pou
l' ka moutre moun yo jan pou yo sèvi bondye peyi a. 28
Se konsa yonn nan prèt yo te depòte yo tounen nan peyi
Samari, l' al rete lavil Betèl, li moutre yo jan pou yo fè
sèvis pou Seyè a. 29 Men, chak nasyon te fè bondye pa
yo nan lavil kote yo te rete a, yo mete yo nan tanp ansyen
moun peyi Izrayèl yo te bati pou zidòl yo. 30 Moun lavil
Babilòn yo te fè pòtre Soukòt Benòt. Moun lavil Kout yo te
fè pòtre Negal. Moun lavil Amat yo te fè pòtre Asima. 31
Moun lavil Ava yo te fè pòtre Nibaz ak Tatak. Moun lavil
Sefavayim yo ofri pitit yo pou boule pou Adramelèk ak
Anamelèk, bondye pa yo. 32 Kifè yo t'ap sèvi Seyè a,
men an menm tan yo chwazi moun nan mitan yo pou sèvi
prèt zidòl yo, pou fè sèvis pou yo nan tanp zidòl yo. 33 Se
konsa yo t'ap adore Seyè a men yo t'ap adore bondye pa
yo tou, dapre koutim peyi kote yo te soti. 34 Jouk jounen
jòdi a y'ap fè sa yo te konn fè a. Men, yo pa adore Seyè
a, yo pa fè sa li mande nan lalwa ak kòmandman li te bay
moun fanmi Jakòb yo swiv. Se Jakòb sa a Bondye sèl Mèt
la te bay yon lòt non, li te rele l' Izrayèl. 35 Seyè a te pase
yon kontra ak pitit Jakòb yo, li te ba yo lòd sa a: Pa sèvi
lòt bondye, pa mete jenou atè devan yo. Pa fè sèvis pou
yo, pa ofri ankenn bèt pou touye pou yo. 36 Se mwen
menm Seyè a pou nou sèvi, mwen menm Bondye nou an
ki te fè nou soti kite peyi Lejip ak gwo kouraj mwen, ak fòs
ponyèt mwen. Se mwen menm sèlman pou nou sèvi, pou
nou adore. Se pou mwen ase pou nou ofri bèt pou touye.
37 Se pou nou toujou kenbe prensip ak regleman, lòd ak
kòmandman mwen te ekri ban nou pou nou te ka swiv yo
chak jou. Piga nou gen krentif pou bondye lòt nasyon yo.
38 Piga nou bliye kontra mwen te pase ak nou an. Piga
nou gen krentif pou bondye lòt nasyon yo. 39 Se mwen
menm ase, Seyè a, Bondye nou an, pou nou sèvi, m'a
delivre nou anba men lènmi nou yo. 40 Men, moun yo pa
koute m', yo toujou ap fè sa yo te konn fè anvan an. 41
Konsa moun nasyon sa yo t'ap sèvi Seyè a, men yo te
toujou ap sèvi zidòl pa yo tou. Pitit yo ak pitit pitit yo ap fè
tankou papa yo jouk jounen jòdi a.

18 Oze, pitit Ela, t'ap mache sou twazan depi li t'ap
gouvènen peyi Izrayèl lè Ezekyas, pitit gason Akaz,
moute wa nan peyi Jida. 2 Lè sa a, li te gen vennsenkan. Li
gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan ventnevan. Manman
l' te rele Abi. Se te pitit fi Zakari. 3 Li te mache dwat devan
Seyè a, li te fè menm jan ak David, zansèt li a. 4 Se li
menm ki te kraze tout tanp zidòl yo. Li kraze tout wòch yo
te mete kanpe pou zidòl yo, li koupe estati Achera yo. Li
kraze an miyèt moso estati sèpan an kwiv Moyiz te fè a,
paske jouk lè sa a toujou pèp Izrayèl la t'ap boule lansan
pou li. Yo te rele l' Newouchtan. 5 Ezekyas te mete tout
konfyans li nan Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la. Peyi Jida a
pa janm gen yon wa tankou l', ni anvan l' ni apre l'. 6 Li te
kenbe Bondye li fèm, li pa t' janm dezobeyi l'. Li te fè tou
sa Seyè a te mande dapre lòd Seyè a te bay Moyiz. 7 Se
poutèt sa, Seyè a te toujou la avè l'. Tou sa li te fè te byen
soti. Ezekyas kenbe tèt ak wa peyi Lasiri a. Li derefize
soumèt devan li. 8 Li bat moun peyi Filisti yo, li kouri dèyè
yo rive lavil Gaza ak sou fwontyè l' yo, li piye dènye kote
yo te rete, depi ti bouk avanpòs yo rive nan gwo lavil ak
ranpa yo. 9 Ezekyas t'ap mache sou katran depi li te wa
nan peyi Jida, Oze, pitit Ela a menm, te gen sètan depi
li t'ap gouvènen peyi Izrayèl la lè Salmanaza, wa peyi
Lasiri a, anvayi peyi Izrayèl, li sènen lavil Samari. 10 Sou
bout twazan, li pran lavil la. Lè sa a, Ezekyas t'ap mache
sou sizan depi li te wa, Oze menm te gen nevan depi li
t'ap gouvènen peyi Izrayèl. 11 Salmanaza fè tout moun
peyi Izrayèl yo prizonye. Li depòte yo nan peyi Lasiri. Li

mete yon pati ladan yo lavil Ala, toupre larivyè Abò nan
zòn Gozan an, yon pati nan lavil peyi Medi yo. 12 Lavil
Samari te tonbe paske moun pèp Izrayèl yo pa t' obeyi
Seyè a, Bondye yo a. Yo pa t' respekte kontra li te pase
ak yo a. Yo pa t' fè tou sa Moyiz, sèvitè Seyè a, te mande
yo fè. Yo pa t' koute l'. 13 Wa Ezekyas t'ap mache sou
katòzan depi li t'ap gouvènen peyi Jida lè Senakerib, wa
peyi Lasiri, vin atake tout lavil ak gwo ranpa peyi Jida yo.
Li pran yo. 14 Lè sa a, Ezekyas, wa peyi Jida, voye yon
mesaj bay Senakerib ki te lavil Lakis. Li di l' konsa: —Sa
m' fè a mal. Tanpri, pa atake m' ankò. Nenpòt kisa w'a
egzije m' bay, m'ap ba ou li. Wa peyi Lasiri a egzije pou
Ezekyas, wa peyi Jida a, ba li dis tòn ajan ak yon tòn lò.
15 Ezekyas ba li tout ajan ki te nan Tanp Seyè a ak nan
trezò palè a. 16 Li dekale tout lò li menm li te fè plake sou
pòt ak chanbrann pòt Tanp Seyè a, li voye yo bay wa peyi
Lasiri a. 17 Apre sa, wa peyi Lasiri a rete lavil Lakis li voye
kòmandan chèf lame li a, chèf gad pèsonèl li a ak chèf
gad palè li a ansanm ak yon gwo lame bò kote Ezekyas.
Yo moute lavil Jerizalèm pou atake l'. Lè yo rive la, yo
moute kan yo sou wout ki mennen nan jaden kote yo lave
twal ki fenk tenn yo, toupre kannal ki bay dlo nan rezèvwa
anwo lavil la. 18 Yo voye chache wa a. Men se twa otorite
ki soti vin jwenn yo. Se te Elyakim, pitit Ilkija a, ki te chèf
moun k'ap travay nan palè a, Chebna, sekretè a, ak Joak,
pitit Asaf la, ki te reskonsab achiv leta a. 19 Chèf gad
palè wa Lasiri a di yo konsa: —Ale di wa Ezekyas men
mesaj gran wa a, wa peyi Lasiri a, voye ba li: Poukisa
ou gen tout konfyans sa a? 20 Ou konprann ou ka fè
lagè ak bèl pawòl ase, san ou pa bezwen lespri ak bon
sòlda? Sou ki moun ou apiye pou ou kenbe tèt ak mwen
konsa? 21 W'al mete konfyans ou nan peyi Lejip! Yon
baton wozo tou kase! Anvan ou apiye sou li, l'ap antre
nan men ou, l'ap blese ou. Farawon an, wa peyi Lejip
ou wè a, se konsa li ye pou tout moun ki fè l' konfyans.
22 Nou pral di m' koulye a se nan Seyè a, Bondye nou
an, nou mete konfyans nou! Atò, se pa kote nou te mete
apa pou li yo ansanm ak tout lotèl li yo wa Ezekyas te fè
disparèt nan peyi a, lèfini, li mande tout moun peyi Jida ak
moun lavil Jerizalèm pou yo vin devan yon sèl lotèl la? 23
Antann nou avè mèt mwen an, wa peyi Lasiri a. Lèfini,
m'ap ban nou demil (2.000) chwal si nou ka jwenn demil
sòlda pou moute yo. 24 Ou pa menm gen moun ase pou
bat yonn nan pi piti chèf ki sou lòd wa mwen an! Epi se
sou peyi Lejip w'ap konte pou jwenn cha lagè ak kavalye
pou fè lagè? 25 Epitou, pa konprann se san konsantman
Seyè a mwen vin atake peyi a pou m' detwi l'. Se Seyè a
menm ki di m' atake peyi ou la pou m' detwi l'. 26 Lè sa a,
Elyakim, pitit Ilkija a, Chebna ansanm ak Joak, di chèf
gad palè a: —Tanpri, mèt. Pale arameyen ak nou. Nou
konprann lang sa a. Men, pa pale ebre. Tout moun ki sou
miray la ap koute. 27 Men, chèf gad palè a di yo an ebre:
—An! Nou konprann se pou wa nou an ansanm ak nou
twa la a ase wa mwen an voye m' vin pale pawòl sa yo?
Non. M'ap pale ak tout moun ki chita sou miray la tou. Yo
menm tou yo pral manje poupou yo, yo pral bwè pipi yo
ansanm ak nou! 28 Lè sa a, chèf gad palè a kanpe, li
pran pale byen fò an ebre, li di konsa: —Koute sa gran
wa a, wa peyi Lasiri a, voye di nou. 29 Li voye di nou pa
kite Ezekyas twonpe nou. Li pa ka sove nou tande. 30 Pa
kite l' pran tèt nou lè l'ap di nou nou mèt sèten Seyè a pral
sove nou, Seyè a p'ap lage lavil la nan men wa peyi Lasiri
a. 31 Pa koute wa Ezekyas! Wa peyi Lasiri a mande pou
nou fè lapè avè l', pou nou rann tèt nou ba li. Konsa, nou
tout ka manje rezen nan jaden rezen nou, n'a ka manje fig
frans nan pye fig frans nou, n'a ka bwè dlo nan pi nou. 32
Lè wa a va vin isit la pita, la pran nou, la mennen nou nan
yon lòt peyi ki tankou peyi pa nou an, yon peyi kote ki gen
anpil ble pou fè farin ak anpil rezen pou fè diven, yon peyi
kote ki gen pye oliv pou fè lwil oliv ak anpil siwo myèl.
Konsa n'a viv, nou p'ap mouri. Pa kite Ezekyas pran tèt
nou pou nou kwè Seyè a va delivre nou. 33 Eske bondye
lòt nasyon yo te delivre yo anba men wa peyi Lasiri a? 34
Kote bondye moun Amat yo ak bondye moun Apad yo?
Kote bondye moun Sefavayim yo, moun Ena ak moun Iva
yo? Eske yo te sove peyi Samari anba men l'? 35 Nan
tout bondye sa yo, kilès ki te rive sove moun yo anba men
l'? Poukisa atò se Seyè a ki pou ta sove lavil Jerizalèm
anba men l'? 36 Men pèp la pa louvri bouch reponn, yo pa
di yon mo paske wa a te bay lòd pou pesonn pa reponn.
37 Apre sa, Elyakim, pitit Ilkija a, ki chèf moun k'ap travay
nan palè a, Chebna, sekretè a ak Joak, pitit Azaf la, ki te
reskonsab achiv leta a, chire rad sou yo sitèlman sa te fè
yo lapenn. Yo tounen al jwenn Ezekyas, yo rapòte l' tou
sa chèf gad palè wa Lasiri a te di.

19 Lè wa Ezekyas tande pawòl sa yo, li chire rad sou li
tèlman sa te fè l' lapenn, li mete yon rad sak sou li,
epi l' al nan tanp Seyè a. 2 Li voye Elyakim, chèf moun
k'ap travay nan palè a, ak Chebna, sekretè a, ansanm
ak chèf prèt yo, bò kote pwofèt Ezayi, pitit Amòz la. Yo
tout te gen rad sak sou yo. 3 Men mesaj Ezekyas te ba
yo pou Ezayi: —Jodi a se jou malè pou nou! Bondye ap
peni nou. Se yon wont pou nou. Nou tankou yon fanm
ansent ki deja kase lèzo, men ki pa gen fòs pou li pouse
pitit la soti. 4 Wa peyi Lasiri a te voye chèf gad palè li a
manke Bondye vivan an dega. Se pou Seyè a, Bondye ou
la, tande tout jouman sa yo. Se pou l' peni moun ki di
pawòl sa yo. Ou menm, lapriyè pou rès moun pèp nou
an ki vivan toujou. 5 Lè moun wa Ezekyas yo al jwenn
Ezayi, 6 men repons Ezayi ba yo pou wa Ezekyas: —Men
sa Seyè a voye di ou: Ou pa bezwen pè tout pawòl ou
tande yo, tout jouman moun wa Lasiri yo di sou mwen. 7
Mwen pral fè wa Lasiri a tande yon sèl nouvèl, li pral kouri
tounen nan peyi l'. Rive li rive, m'ap fè yon moun touye l'.
8 Chèf gad palè a te vin konnen wa Lasiri a te pati kite
Lakis pou l' t al atake lavil Libna. Se la l' al jwenn wa a,
9 paske wa a te pran nouvèl Tiraka, wa peyi Letiopi a,
t'ap moute vin atake l'. Wa a voye lòt mesaje ankò bò
kote Ezekyas. 10 Li di yo: —Men mesaj n'a bay Ezekyas,
wa peyi Jida a, pou mwen. Ou mèt tande Bondye ou la,

Bondye ou fè konfyans la, di ou Jerizalèm p'ap tonbe
nan men wa Lasiri a, pa kite l' twonpe ou. 11 Ou te pran
nouvèl sa wa Lasiri yo te fè tout lòt peyi anvan ou yo.
Yo te soti pou detwi yo nèt. Atò, se ou menm ki pou ta
chape anba men m! 12 Lè zansèt mwen yo te touye
dènye moun nan lavil Gozan, nan lavil Aran, nan lavil
Rezèf ak dènye moun Betedenn yo ki rete lavil Telasa,
èske bondye nasyon sa yo te delivre yo? 13 Kote wa lavil
Amak la, wa lavil Apad la, wa lavil Sefarayim lan, wa lavil
Ena a ak wa lavil Iva a? 14 Ezekyas pran lèt la nan men
mesaje yo, li li l'. Apre sa, li pati al nan tanp lan, li mete
lèt la devan lotèl Seyè a. 15 Epi li lapriyè Seyè a, li di l'
konsa: —Seyè ki gen tout pouvwa, Bondye pèp Izrayèl
la, ou menm ki chita sou fotèy zanj cheriben yo ap pote
sou zepòl yo a, se ou menm sèl Bondye k'ap gouvènen
tout peyi sou latè. Se ou menm ki fè syèl la ak latè a. 16
Panche zòrèy ou non, Seyè, pou ou tande. Louvri je ou
pou ou wè. Koute pawòl Senakerib voye di m', pawòl ki
manke Bondye vivan an dega! 17 Nou konnen, Seyè,
wa peyi Lasiri yo te fini ak anpil nasyon, yo te detwi peyi
yo. 18 Yo te boule tout bondye yo paske se pa t' bondye
yo te ye. Se estati fèt an bwa ak an wòch moun te fè
ak men yo. Se poutèt sa yo te rive detwi yo. 19 Koulye
a, Seyè, Bondye nou an, tanpri, delivre nou anba men
Senakerib, pou tout nasyon ki sou latè ka konnen se ou
menm sèl, Seyè, ki Bondye. 20 Lè sa a, Ezayi, pitit Amòz
la, voye mesaj sa a bay Ezekyas: —Ou te lapriyè Seyè a,
Bondye pèp Izrayèl la, pou Senakerib, wa peyi Lasiri a.
Men repons li voye ba ou. 21 Men pawòl Seyè a di sou
Senakerib: Lavil Jerizalèm ki sou mòn Siyon an ap ri ou,
l'ap pase ou nan rizib. Moun lavil Jerizalèm yo ap rele
chalbari dèyè ou. 22 Ki moun ou konprann ou derespekte,
ou joure konsa? Sou ki moun ou pale fò konsa? Ki moun
w'ap klere je ou gade konsa? Se sou Bondye pèp Izrayèl
la ki yon Bondye apa. 23 Ou voye moun ou yo vin manke
Bondye dega. Ou deklare: O wi, avèk tout kalite cha lagè
m' yo, mwen moute sou tèt tout mòn, ata sou tèt mòn
Liban an. Mwen koupe pi gwo pye sèd li yo, pi bèl pye
rezen li yo. Mwen rive jouk anwo nèt sou tèt li, nan mitan
rakbwa li yo ki tankou bèl jaden. 24 Mwen fouye pi nan
peyi moun lòt nasyon yo, mwen bwè dlo. Mwen cheche
dlo nan tout larivyè Lejip yo pou sòlda mwen yo pase san
pye yo pa mouye. 25 Ou pa t' konnen gen lontan depi
mwen te fè lide pou tou sa te rive? Gen lontan depi sa te
nan tèt mwen? Koulye a, mwen kite sa rive, pou m' te
ka kraze tout lavil ak ranpa yo pou fè yo tounen yon pil
demoli. 26 Moun ki te rete la te san fòs. Yo te pè, yo pa t'
konn sa pou yo fè. Yo te tankou raje nan jaden, tankou
zèb gazon, tankou raje k'ap pouse sou do kay, tankou pye
mayi ki cheche anvan li mete zepi. 27 Mwen konnen lè ou
leve, mwen konnen lè ou chita. Mwen konnen lè ou soti,
mwen konnen lè ou antre. Mwen pran nouvèl jan ou fin
anraje sou mwen. 28 Koulye a, mwen vin konnen jan ou
move sou mwen, jan ou vin awogan. Se poutèt sa, mwen
mete yon fè won nan bwa nen ou, ak yon mò nan bouch
ou. Mwen pral fè ou pran menm chimen ou te pran pou
vini an pou ou tounen. 29 Apre sa, Izayi di wa Ezekyas
konsa: —Men sa ki pral sèvi yon siy pou ou. Lanne sa
a, n'a manje rès grenn ki te tonbe atè. Lanne k'ap vin
apre sa a, n'a manje grenn nou pa t' plante. Men, apre sa
ankò, n'a ka plante, n'a ka fè rekòt. N'a plante pye rezen,
n'a manje rezen. 30 Rès moun peyi Jida ki va chape yo
va pran pye. Y'a kanpe ankò. 31 Va gen yon ti rès moun
nan lavil Jerizalèm ak sou mòn Siyon an ki va chape.
Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki soti pou fè sa, paske li
renmen ou anpil. 32 Men sa Seyè a di sou wa peyi Lasiri
a: Li p'ap mete pye l' nan lavil sa a. Li p'ap gen tan voye
yon sèl grenn flèch sou li. P'ap gen yon sèl sòlda ak plak
pwotèj k'ap pwoche bò kote l'. Ni yo p'ap fouye twou pou
sènen l'. 33 Chemen li te pran pou l' vini an, se li menm
l'ap pran pou l' tounen. Li p'ap mete pye l' nan lavil sa a.
Se mwen menm, Seyè a menm, ki di sa. 34 M'ap pwoteje
lavil sa a. M'ap delivre l' pou m' fè respè tèt mwen, pou m'
kenbe pwomès mwen te fè David, sèvitè m' lan. 35 Menm
jou sa a, nan mitan lannwit, zanj Seyè a al nan kan moun
Lasiri yo, li touye sankatrevensenk mil (185.000) sòlda.
Nan maten, lè moun leve se kadav yo ase yo jwenn. Yo
tout te mouri. 36 Senakerib, wa peyi Lasiri a, leve, li pati,
li tounen lavil Neniv. 37 Yon jou, antan wa a t'ap fè sèvis
nan tanp Niswòk, bondye li a, de nan pitit gason l' yo
touye l' ak nepe yo, epi yo kouri al kache nan peyi Arara.
Yo te rele Adramelèk ak Sarezè. Se yon lòt nan pitit gason
li yo ki te rele Asaradon ki moute wa nan plas li.

20 Vè menm epòk sa a, Ezekyas tonbe malad, li te
prèt pou l' mouri. Pwofèt Ezayi, pitit Amòz la, vin wè
li, li di l' konsa: —Men sa Seyè a voye di ou: Ou mèt mete
lòd nan zafè ou paske ou pral mouri. Pa gen rechap pou
ou. 2 Ezekyas vire figi l' bay panno a fas, li lapriyè Seyè
a. 3 Li di: —Tanpri, Seyè! Chonje jan mwen te sèvi ou ak
tout kè mwen san m' pa janm vire do ba ou! Mwen te
toujou fè sa ou te vle m' fè. Epi li pran kriye kont kriye l'. 4
Lè Ezayi kite wa a, li pa t' ankò soti nan lakou ki nan mitan
palè a lè Seyè a pale avè l', li di l' konsa: 5 —Tounen al
jwenn Ezekyas, chèf pèp mwen an. W'a di l' pou mwen.
Men sa Seyè a, Bondye David, zansèt ou a, voye di ou.
Mwen tande lapriyè ou. Mwen wè jan sa fè ou mal, m'ap
geri ou. Nan twa jou w'ap kanpe, ou pral nan Tanp Seyè
a. 6 M'ap kite ou viv kenzan ankò, m'ap delivre ou, ou
menm ansanm ak lavil Jerizalèm anba men wa Lasiri a.
M'a pwoteje lavil la poutèt David sèvitè m' lan, ak poutèt
mwen. 7 Ezayi mande pou fè yon kataplas ak fig frans
mete sou malenng wa a. Yo fè sa vre. Epi wa a geri. 8 Lè
sa a, wa a mande Ezayi: —Kisa ki pral fè m' konnen Seyè
a pral geri m' pou nan twa jou m' ka al nan Tanp Seyè a?
9 Ezayi reponn li: —Men siy Seyè a pral fè ou wè pou
ou ka konnen l'ap kenbe pawòl li. Gade kadran solèy la.
Eske ou ta vle pou lonbraj la mache annavan sou dis ti
mak, osinon pou l' fè bak sou dis ti mak? 10 Ezekyas di
l': —Se bagay fasil pou lonbraj la mache annavan sou

dis ti mak. L'ap pi difisil pou l' fè bak sou dis ti mak. **11** Pwofèt Izayi lapriyè Seyè a epi Seyè a fè lonbraj la fè bak sou dis ti mak li te fin depase nan kadran solèy wa Akaz te fè a. **12** Nan menm epòk sa a, wa peyi Babilòn lan, Mewodak Baladan, pitit gason Baladan, vin konnen wa Ezekyas te malad. Li voye yon lèt ba li ansanm ak yon kado. **13** Ezekyas te kontan jès la. Li moutre mesaje wa Babilòn te voye yo tout richès li yo: pyès an ajan, lò, epis, boutèy odè, zam ansanm ak tout lòt bagay li te gen nan depo l' yo. Li fè yo wè dènye bagay li te gen lakay li ak nan tout peyi a. **14** Lè sa a, pwofèt Ezayi al jwenn wa Ezekyas, li mande l': —Kote mesye sa yo soti? Kisa yo di ou? Ezekyas reponn: —Yo soti nan yon peyi byen lwen, yo soti nan peyi Babilòn. **15** Ezayi di l' konsa: —Kisa yo wè nan palè a? Ezekyas reponn: —Yo wè tout sa ki nan palè a. Mwen fè yo wè dènye bagay mwen gen nan depo m' yo. **16** Ezayi di wa Ezekyas konsa: —Koute mesaj Seyè ki gen pouvwa a voye ba ou: **17** Yon lè gen pou rive. Lè sa a, y'ap pran dènye bagay ki nan palè ou la, tou sa zansèt ou yo te anpile depi nan tan lontan jouk jòdi a, y'ap pote yo ale nan peyi Babilòn. Yo p'ap kite anyen. Se Seyè a menm ki di sa. **18** Y'ap pran kèk nan pwòp pitit pitit ou yo, y'ap depòte yo, y'ap chatre yo pou yo ka sèvi nèg konfyans nan palè wa Babilòn lan. **19** Ezekyas reponn Ezayi, li di l' konsa: —Mesaj Bondye ba ou pou di m' lan gen tan bon. Men li t'ap di nan kè l': Depi pa gen boulvès, depi pa gen lagè nan peyi a tout tan m'ap viv la! **20** Tout rès istwa Ezekyas la, jan li te vanyan sòlda, jan li te bati rezèvwa dlo a ak gwo kannal anba tè pou mennen dlo nan lavil la, nou jwenn tou sa ekri nan liv Istwa wa peyi Jida yo. **21** Lè Ezekyas mouri, se Manase, pitit gason l' lan, ki moute wa nan plas li.

21 Manase te gen douzan lè li moute wa peyi Jida. Li gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan senkannsenkan. Manman l' te rele Efziba. **2** Li fè sa ki mal devan Seyè a, dapre vye prensip krimenèl lòt nasyon Seyè a te mete deyò pou fè plas pou moun pèp Izrayèl yo. **3** Li rebati tanp bondye lòt nasyon Ezekyas, papa l', te fè kraze. Li bati lotèl pou Baal, li fè fè yon estati Achera, tankou sa Akab, wa peyi Izrayèl la, te fè fè a. Lèfini, li adore dènye zetwal ki nan syèl la, li fè sèvis pou yo. **4** Li menm rive bati lotèl pou zidòl anndan Tanp Seyè a, kote Seyè a te di se la l'ap rete lavil Jerizalèm. **5** Li fè bati lotèl nan de lakou tanp lan pou tout zetwal ki nan syèl la. **6** Li bay pitit gason l' pou yo boule sou lotèl pou zidòl yo. Li lage kò l' nan li nwaj nan syèl la ak nan fè maji pou konnen sa ki gen pou rive, li ankouraje divinò yo ak moun ki konn rele mò pou pale ak yo. Li donnen nan fè sa ki mal nan je Seyè a pou l' te fè l' move jouk li pa kapab ankò. **7** Li te fè yon estati Achera, zidòl fanm lan, li mete l' nan Tanp lan, atout Seyè a te pale ak David ansanm ak Salomon sou Tanp lan. Li te di yo: Se isit lavil Jerizalèm, nan Tanp kote mwen te chwazi nan tout peyi douz branch fanmi pèp Izrayèl la, pou yo fè sèvis pou mwen. **8** Si moun pèp Izrayèl yo viv jan mwen mande yo viv la, si yo fè tou sa ki nan lalwa Moyiz, sèvitè m' lan, te ba yo a, mwen p'ap mete yo deyò nan peyi mwen te bay zansèt yo a. **9** Men moun peyi Jida yo pa koute Seyè a, Manase pran tèt yo, yo fè pi mal pase nasyon Seyè a te mete deyò nan peyi a pou fè plas pou yo. **10** Lè sa a, Seyè a voye sèvitè l' yo, pwofèt yo, pou di yo: **11** —Wa Manase te fè tout bagay degoutan sa yo. Li te fè pi mal pase moun Amori yo ki te la nan peyi a anvan yo. Avèk tout vye zidòl li yo, li fè pèp Jida a tonbe nan fè sa ki mal. **12** Se poutèt sa, men sa mwen menm, Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, mwen di: Mwen pral voye yon sèl malè sou lavil Jerizalèm ak sou peyi Jida a. Lè moun va pran nouvèl la, y'ap rete gaga. **13** M'ap peni lavil Jerizalèm menm jan mwen te peni lavil Samari ak fanmi wa Akaz la. Mwen pral netwaye lavil Jerizalèm tankou yo netwaye yon asyèt lèfini yo vire l' bouch anba. **14** M'ap vire do bay rès moun ki va chape yo, m'ap lage yo nan men lènmi yo ki pral piye yo, ki pral pran peyi a nan men yo. **15** M'ap fè pèp mwen an sa paske yo fè sa ki mal devan m', yo fè m' fache anpil depi jou zansèt yo te soti kite peyi Lejip jouk jounen jòdi a. **16** Manase pa sèlman lakòz pèp Jida a fè sa li pa t' dwe fè avèk tou sa li menm li t'ap fè ki mal nan je Seyè a, li fè pi rèd toujou. Li sitèlman touye moun inonsan, tout lari lavil Jerizalèm te plen san. **17** Tout rès istwa Manase a, tou sa li te fè ak tout move zak li te fè yo, n'a jwenn tou sa ekri nan liv Istwa wa peyi Jida yo. **18** Lè Manase mouri, yo antere l' nan jaden palè a, jaden Ouza a. Se Amon, pitit gason l' lan, ki moute wa nan plas li. **19** Amon te gen venndezan lè li moute wa peyi Jida. Li gouvènen lavil Jerizalèm pandan dezan. Manman l' te rele Mechoulemèt. Se te pitit fi Awouz, yon moun lavil Jotba. **20** Tankou Manase, papa l', li fè sa ki mal devan Seyè a. **21** Li mache pye pou pye dèyè Manase nan tout bagay. Li sèvi zidòl papa l' te sèvi yo, li adore yo. **22** Li vire do bay Seyè a, Bondye zansèt li yo, li pa mache jan Seyè a vle l' la. **23** Chèf ki t'ap sèvi avèk Amon yo fè konplo, yo touye l' anndan palè a. **24** Moun pèp Jida yo touye mesye ki te fè konplo pou touye Amon yo, yo mete Jozyas, pitit gason l' lan, wa nan plas li. **25** Tout rès istwa Amon an, tou sa li te fè, n'a jwenn tou sa ekri nan liv Istwa wa peyi Jida yo. **26** Lè Amon mouri, yo antere l' nan kavo fanmi an, nan jaden Ouza a. Lèfini, se Jozyas, pitit gason l' lan, ki moute wa nan plas li.

22 Jozyas te gen witan lè li moute wa peyi Jida. Li gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan tranteyennan. Manman l' te rele Jedida. Se te pitit fi Adaja, moun lavil Bozka. **2** Jozyas te fè sa ki dwat devan Seyè a. Li mache pye pou pye dèyè David, zansèt li, nan tou sa l'ap fè san li pa janm fè sa ki mal. **3** Wa Jozyas t'ap mache sou dizwitan depi li t'ap gouvènen. Yon jou li pran sekretè palè a, Chafan, pitit gason Azalya a, pitit pitit Mechoulam lan, li voye l' nan Tanp Seyè a, li di l' konsa: **4** —Ale jwenn Ilkija, granprèt la. W'a di l' pou l' fè rapò kantite lajan prèt ki desèvis devan pòt Tanp lan ranmase nan men pèp la. **5** W'a di l' pou l' renmèt lajan an nan men mesye ki

reskonsab travay ki pou fèt nan Tanp lan, pou yo menm
yo ka peye moun k'ap travay repare Tanp lan, ki vle di: 6
bòs chapant yo, kontremèt yo ak bòs mason yo, lèfini pou
yo achte bwa ak wòch yo bezwen pou fè reparasyon nan
Tanp lan. 7 Li p'ap bezwen fè regleman ak moun sa yo,
paske se moun serye yo ye. 8 Lè Chafan, sekretè a, fin
bay Ilkija lòd wa a, Ilkija di l' konsa: —Mwen jwenn liv
lalwa a nan Tanp Seyè a. Ilkija bay Chafan liv la. Chafan
li l'. 9 Lèfini, li tounen al jwenn wa a, li fè rapò li. Li di
l' konsa: —Moun ou yo pran tout lajan ki te nan Tanp
lan, yo renmèt li bay moun ki reskonsab fè reparasyon
nan Tanp Seyè a. 10 Lèfini, li di wa a: —Ilkija, prèt la, te
ban m' yon liv tou. Chafan li liv la pou wa a. 11 Lè wa
a tande pawòl ki te ekri nan liv la, li chire rad sou li a
sitèlman li te sezi. 12 Li fè chache Ilkija, prèt la, Akikam,
pitit Chafan an, Achbò, pitit Mikaja a, Chafan, sekretè palè
a, ak Asaja, nèg konfyans wa a. Li ba yo lòd sa a: 13
—Ale chache konnen sa Seyè a vle nou fè, mwen menm
ansanm ak tout pèp Jida a, avèk tout pawòl ki nan liv nou
jwenn lan! Seyè a move anpil sou nou, paske zansèt nou
yo pa t' okipe sa yo di nan liv la, ni yo pa t' fè tou sa ki ekri
ladan l'. 14 Se konsa Ilkija, prèt la, Akikam, Akbò, Chafan
ak Asaja al kay Oulda, yon pwofèt fanm ki te rete nan
katye yo te fèk bati lavil Jerizalèm lan. Oulda sa a se te
madanm yon nonm yo rele Chaloum, pitit Tikva, pitit pitit
Aras ki te reskonsab rad seremoni yo. Mesye yo di Oulda
sa ki te rive. 15 Oulda reponn: —Men sa Seyè a, Bondye
pèp Izrayèl la, di: Tounen al di moun ki voye nou bò kote
m' lan: 16 Men mesaj Seyè a voye ba li. Mwen pral voye
yon malè sou lavil Jerizalèm ansanm ak sou tout moun li
yo jan sa ekri nan liv wa Jida a te li a. 17 Yo vire do ban
mwen, yo fè sèvis pou lòt bondye. Avèk tout zak sa yo,
yo fè m' fè kolè. Mwen move anpil sou lavil Jerizalèm.
Kolè m' poko ap pase. 18 Men sa n'a di wa peyi Jida a ki
voye nou vin konnen volonte Bondye a. Wi, men sa Seyè
a, Bondye pèp Izrayèl la, voye di l': Ou tande sa ki ekri
nan liv la. 19 Sa fè kè ou fè ou mal, ou soumèt ou devan
mwen, lè ou tande deklarasyon mwen fè sou lavil sa a ak
sou tout moun li yo. Se bagay ki pral fè moun mete men
nan bouch. Y'ap sèvi ak non yo pou bay madichon. Wi, lè
ou tande sa ou chire rad sou ou, dlo koule nan je ou. Se
poutèt sa, mwen menm tou, mwen tande ou. Se mwen
menm, Seyè a, k'ap di ou sa. 20 Ou menm, w'ap mouri ak
kè poze nan kabann ou, y'ap antere ou nan menm kavo
ak zansèt ou yo. Ou p'ap gen tan wè malè m'ap voye sou
lavil Jerizalèm lan. Mesye yo tounen pote mesaj la bay wa
Jozyas.

23 Lè sa a, wa Jozyas voye misyon bay tout chèf fanmi
nan lavil Jerizalèm ak nan tout peyi Jida a pou yo
reyini ansanm avè l'. 2 Apre sa, wa a moute nan Tanp
Seyè a ansanm avèk prèt yo, pwofèt yo, tout moun peyi
Jida yo, moun ki rete lavil Jerizalèm yo ak tout rès pèp
la, grannèg kou tinèg. Wa a kanpe devan yo tout, li li
byen fò tou sa ki te nan Liv Kontra yo te jwenn nan Tanp
Seyè a. 3 Lè li fini, li rete kanpe nan plas rezève pou
li bò gwo poto a, li pran angajman devan Seyè a pou
li fè volonte Seyè a, pou li mache dapre kòmandman,
prensip ak lòd Bondye yo ak tout kè li ak tout nanm li.
Lèfini, pou l' kenbe tout kondisyon kontra ki ekri nan liv la.
Tout pèp la pran angajman pou yo kenbe kontra a tou. 4
Apre sa, Jozyas rele Ilkija, granprèt la, prèt ki te avè l'
yo ak sòlda ki te desèvis nan pòt Tanp lan, li ba yo lòd
al pran nan Tanp lan tout bagay yo te fè pou Baal, pou
Achera ak pou zetwal yo, pote yo deyò. Wa a boule tout
bagay sa yo andeyò lavil la, bò fon Sedwon an. Lèfini,
li fè pote tout sann yo lavil Betèl. 5 Li revoke tout prèt
ansyen wa peyi Jida yo te nonmen pou fè sèvis sou lotèl
zidòl yo nan lavil peyi Jida yo ak nan zòn Jerizalèm, tout
prèt ki t'ap fè sèvis pou Baal, pou solèy, pou lalin, pou
douz gwoup zetwal yo ak pou tout lòt zetwal yo. 6 Li wete
estati Achera, zidòl fanm ki te nan Tanp lan, li fè yo pote l'
andeyò lavil la nan fon Sedwon. Li boule l', li kraze l' fè l'
tounen pousyè, l' al simen pousyè a nan simityè pèp la. 7
Li demoli tout kay kote mesyedam k'ap fè jennès pou
zidòl yo te rete nan Tanp Seyè a. Se la medam yo te konn
fè twal pou estati Achera a tou. 8 Lèfini, li fè tout prèt
ki te rete nan lavil peyi Jida yo antre lavil Jerizalèm. Li
mache nan tout peyi a depi lavil Geba jouk lavil Bècheba,
li gate tout kote prèt sa yo te konn fè sèvis pou zidòl yo,
kifè yo pa t' ka sèvi pou sa ankò. Li demoli lotèl pòtay
yo, ki te bò pòtay Jozye, gouvènè lavil la, te bati sou bò
gòch pòtay prensipal la lè w'ap antre. 9 Tansèlman, prèt
ki te sèvi nan tanp zidòl sa yo pa t' gen dwa sèvi nan
Tanp lan ankò, men yo te gen dwa manje pen san ledven
ansanm ak lòt prèt parèy yo. 10 Wa Jozyas gate Tofèt la
tou, yon tanp zidòl ki te nan fon Enon an, konsa pesonn
pa t' ka ofri pitit fi osinon pitit gason yo pou boule pou
Molòk ankò. 11 Li wete chwal wa Jida yo te mete apa pou
sèvis bondye Solèy la. Li boule cha ki te konn sèvi nan
sèvis pou solèy la. Se nan yon pyès nan lakou tanp lan
yo te ye, toupre pòtay la, bò kay kote Netanmelèk, nèg
konfyans wa a, te rete. 12 Wa Jozyas demoli lotèl wa Jida
yo te fè bati sou teras anwo apatman wa Akaz la, ansanm
ak lotèl wa Manase te bati nan de lakou Tanp lan. Li kraze
lotèl yo an miyèt moso, li voye yo jete nan fon Sedwon.
13 Jozyas gate tout lotèl wa Salomon te fè bati sou bò
solèy leve lavil Jerizalèm, sou bò sid Mòn Pye Oliv yo,
pou fè sèvis pou Astate, vye zidòl peyi Sidon an, pou
Kemòch, vye zidòl peyi Moab la, ak Milkòm, vye zidòl peyi
Amon an. 14 Wa Jozyas kraze Poto Wòch yo, li koupe
estati Achera, zidòl fanm lan. Li kouvri tout kote yo te ye a
ak zosman moun. 15 Jozyas demoli lotèl ak tanp zidòl wa
Jewoboram, pitit Nebat la, te bati lavil Betèl la tou. Se
Jewoboram sa a ki te lakòz pèp Izrayèl la fè sa ki mal. Li
kraze lotèl la, li fè wòch yo tounen poud. Li boule estati
Achera a. 16 Lèfini, Jozyas voye je l' sou ti mòn lan, li wè
yon bann tonm. Li fè detere zosman yo pou boule yo sou
lotèl la. Se konsa li gate lotèl la, jan Seyè a te fè pwofèt la
di l' la lè Jewoboram te kanpe bò lotèl la pandan fèt la.
Apre sa, Jozyas voye je l' gade ankò, li wè tonm pwofèt ki

te fè konnen bagay sa yo gen pou rive a. **17** Li mande:
—Ki gwo tonm mwen wè laba a: Moun Betèl yo reponn:
—Se tonm pwofèt ki te soti peyi Jida vin fè nou konnen sa
monwa t'ap vin fè lotèl Betèl la. **18** Jozyas di: —Bon. Kite
l' jan li ye a! Piga pesonn manyen zosman li yo. Se konsa
yo respekte zosman li yo ansanm ak zosman pwofèt ki te
soti lavil Samari a. **19** Nan tout lavil peyi Izrayèl yo, wa
Jozyas demoli tout kay zidòl wa peyi Izrayèl yo te fè bati
epi ki te lakòz Seyè a te fache anpil. Li fè yo tou sa li te fè
tanp zidòl lavil Betèl yo. **20** Li mete men sou tout prèt
zidòl li te jwenn la yo, li touye yo sou lotèl yo. Lèfini, li
boule zosman moun sou yo. Apre sa, li tounen tounen
l' lavil Jerizalèm. **21** Wa Jozyas bay pèp la lòd pou yo
fete fèt Delivrans lan pou fè lwanj Seyè a, Bondye yo a,
jan sa ekri nan Liv Kontra a. **22** Yo pa t' janm fete fèt
Delivrans lan konsa depi lè jij chèf yo t'ap gouvènen peyi
a, ni pandan reny tout wa peyi Izrayèl yo ak tout wa peyi
Jida yo. **23** Se sèlman sou reny wa Jozyas yo fete fèt
Delivrans lan konsa lavil Jerizalèm pou Seyè a. Lè sa a,
wa a t'ap mache sou dizwitan depi li t'ap gouvènen peyi a.
24 Jozyas fè disparèt tout divinò ak tout moun ki konn rele
mò, tout estati zidòl wogatwa ak lòt vye zidòl degoutan, ak
tout lòt vye bagay yo te konn wè nan tout peyi Jida ak nan
lavil Jerizalèm. Li fè sa pou l' te ka kenbe kòmandman ak
prensip ki ekri nan liv Lalwa Ilkija, prèt la, te jwenn nan
Tanp Seyè a. **25** Ni anvan l', ni apre l', pa t' janm gen yon
wa tankou l' ki te sèvi Seyè a ak tout kè li, ak tout nanm
li, ak tout kouraj li, jan lalwa Moyiz mande l' la. **26** Men
malgre sa, Seyè a te move toujou sou pèp peyi Jida a
depi lè li te fache sou Manase pou sa l' te fè a. **27** Se
poutèt sa, Seyè a di: —Mwen pral wete moun peyi Jida yo
devan je m' menm jan m' te fè l' pou moun peyi Izrayèl yo.
Se mwen ki te chwazi lavil Jerizalèm. Enben, m' pral voye
l' jete ansanm ak Tanp mwen te di se la m'ap rete a. **28**
Tout rès istwa Jozyas la ak tou sa li te fè, n'a jwenn yo
ekri nan liv Istwa wa Jida yo. **29** Se sou reny Jozyas,
farawon Neko, wa peyi Lejip, te moute nan direksyon
larivyè Lefrat pou l' al bay wa peyi Lasiri a yon koutmen.
Wa Jozyas soti al kontre l' pou anpeche li pase. Rive bò
lavil Megido, wa Neko wè l', li touye l'. **30** Ofisye lame
wa Jozyas yo pran kadav la, yo mete l' sou yon cha soti
Megido, yo mennen l' lavil Jerizalèm kote yo antere l' nan
kavo li. Apre sa, pèp la pran Joakaz, pitit Jozyas, yo mete
l' apa devan Bondye pou l' sèvi wa nan plas papa l'. **31**
Joakaz te gen venntwazan lè li moute wa nan peyi Jida.
Li gouvènen lavil Jerizalèm pandan twa mwa. Manman l'
te rele Amoutal. Se te pitit fi Jeremi, moun lavil Libna. **32**
Men li fè sa ki mal nan je Seyè a tankou zansèt li yo. **33**
Farawon Neko fèmen l' nan prizon lavil Ribla nan zòn
Amat, pou li pa gouvènen nan lavil Jerizalèm anko. Lè sa
a tou, farawon an fè peyi Jida soumèt devan l'. Li fòse peyi
a ba li sètmil senksan (7.500) liv ajan ak swasannkenz liv
lò. **34** Apre sa, li pran Elyakim, pitit Jozyas, li mete l' wa
nan plas papa l'. Lè sa a, li chanje non Elyakim, li rele l'
Jojakim. Lèfini, li pran Joakaz, li mennen l' nan peyi Lejip.
Se la Joakaz mouri. **35** Jojakim bay farawon Neko tout
ajan ak tout lò li te mande a. Pou l' te ka jwenn yo, li te fè
chak moun nan peyi a bay dapre sa yo genyen. Se konsa
li te fòse pèp la bay ajan ak lò farawon Neko te mande a.
36 Jojakim te gen vennsenkan lè li moute wa peyi Jida. Li
gouvènen lavil Jerizalèm pandan onzan. Manman l' te rele
Zebida. Se te pitit fi Pedaja, moun lavil Wouma. **37** Men li
fè sa ki mal nan je Seyè a tankou zansèt li yo.

24 Pandan reny Jojakim lan, Nèbikadneza, wa peyi
Babilòn, anvayi peyi Jida. Pandan twazan Jojakim
soumèt devan li. Apre sa, li konmanse kenbe tèt avè l'.
2 Lè sa a, Seyè a voye ansasen soti nan peyi Babilòn,
nan peyi Siri, nan peyi Moab ak nan peyi Amon vin dèyè
Jojakim. Li lage yo nan peyi Jida a pou yo fini avè l' dapre
sa Seyè a te di nan bouch pwofèt yo, sèvitè l' yo. **3** Sa te
rive peyi Jida a paske Seyè a te vle wete pèp peyi Jida a
devan je l' poutèt peche wa Manase te fè yo, **4** ak pou
kantite moun inonsan li te touye jouk tout lari Jerizalèm te
plen san. Seyè a pa t' vle padonnen ankò. **5** Tout rès
istwa Jojakim lan, sa li te fè yo, n'a jwenn sa ekri nan liv
Istwa wa peyi Jida yo. **6** Lè Jojakim mouri se Jojakin, pitit
gason li a, ki moute wa nan plas li. **7** Wa peyi Lejip la pa
janm soti kite peyi l' la ankò, paske wa peyi Babilòn lan te
pran tout zòn ki te pou wa peyi Lejip la, depi larivyè Lefrat
rive nan ravin Lejip. **8** Jojakin te gen dizwitan lè li moute
wa peyi Jida. Li gouvènen lavil Jerizalèm pandan twa
mwa. Manman l' te rele Neouchta. Se te pitit fi Elnatan,
moun lavil Jerizalèm. **9** Li fè sa ki mal devan Seyè a
tankou papa l'. **10** Se sou reny li lame Nèbikadneza, wa
peyi Babilòn lan, te mache sou lavil Jerizalèm. Yo sènen
lavil la. **11** Pandan lame a te sènen lavil la, Nèbikadneza
vin atake lavil la li menm menm. **12** Lè sa a, Jojakin, wa
peyi Jida a, al rann tèt li bay wa Babilòn lan ansanm ak
manman l', pitit gason l' yo, chèf lame l' yo ak chèf palè li
yo. Wa a fè yo tout prizonye. Lè sa a, Nèbikadneza t'ap
mache sou witan depi li te wa. **13** Li pran tout richès ki
te nan Tanp Seyè a ak nan palè wa a. Li kraze tout bèl
bagay an lò Salomon, wa pèp Izrayèl la, te fè pou sèvi
nan Tanp Seyè a, jan Seyè a te fè konn sa depi lontan an.
14 Nèbikadneza depòte dènye moun ki te lavil Jerizalèm,
tout chèf yo, tout grannèg yo, li depòte tout atizan yo ak
tout bòs fòjon yo. Sa te fè dimil (10.000) moun antou. Se
moun pòv yo ase li kite nan peyi Jida a. **15** Nèbikadneza
fè Jojakin prizonye ansanm ak manman l', madanm li
yo, chèf nan gouvènman l' yo ak tout grannèg peyi Jida
yo. Li depòte yo, li pran yo lavil Jerizalèm li mennen yo
peyi Babilòn. **16** Wa peyi Babilòn lan te depòte antou
sètmil (7.000) prizonye nan peyi Babilòn, ansanm ak mil
atizan ak bòs fòjon san konte vanyan gason ki te ka fè
lagè. **17** Apre sa, Nèbikadneza pran Matanya, tonton wa
Jojakin, li mete l' wa nan peyi Jida. Li chanje non l', li rele
l' Sedesyas. **18** Sedesyas te gen venteyennan lè li vin wa
peyi Jida. Li pase onzan lavil Jerizalèm ap gouvènen peyi
a. Manman l' te rele Amoutal. Se te pitit fi Jeremi, moun
lavil Libna. **19** Wa Sedesyas te fè sa ki mal devan Bondye

menm jan ak Jojakin. **20** Se konsa, Seyè a te fache ni sou
moun lavil Jerizalèm yo, ni sou moun peyi Jida yo jouk jou
li wete yo devan je l'. Men, rive yon lè Sedesyas derefize
soumèt devan Nèbikadneza, wa Babilòn lan.

25 Se konsa sou dizyèm jou dizyèm mwa nevyèm
lanne depi Sedesyas te wa a, Nèbikadneza, wa
Babilòn lan, vin atake lavil Jerizalèm ak tout lame li a. Yo
moute kan yo devan miray lavil la, yo mete ranblè nan
tout pye miray yo. **2** Yo sènen l' nèt. Yo fèmen lavil la depi
lè sa a rive sou onzyèm lanne reny Sedesyas la. **3** Sou
nevyèm jou katriyèm mwa menm lanne sa a, te gen yon
sèl grangou nan lavil la, moun yo pa t' gen anyen pou yo
manje ankò. **4** Yo fè yon twou nan miray yo. Atout lame
moun Babilòn yo te sènen lavil la nèt, tout sòlda jwif yo
mete deyò kite lavil la nan mitan lannwit. Yo pase nan
mitan jaden wa a, yo desann nan wout pòtay la nan mitan
de miray yo, yo pran chemen fon Jouden an pou yo. **5**
Men, lame moun Babilòn yo pousib wa Sedesyas. Lè yo
rive nan plenn bò lavil Jeriko yo, yo mete men sou li. Lè
sa a, tout sòlda li yo gaye, yo kouri kite l'. **6** Sòlda lènmi
yo pran wa a, yo mennen l' bay wa Babilòn lan ki te lavil
Ribla. Se la Nèbikadneza jije li. **7** Antan yo lavil Ribla, li fè
yo koupe kou tout pitit wa Sedesyas yo devan wa a, papa
yo. Lèfini, li fè yo pete tou de je wa Sedesyas, epi yo mare
l' ak de gwo chenn fèt an kwiv. Yo mennen l' lavil Babilòn.
8 Sou setyèm jou senkyèm mwa nan diznevyèm lanne
reny Nèbikadneza, wa Babilòn lan, Neboucharadan, chèf
lagad la, yonn nan konseye li yo, antre lavil Jerizalèm. **9**
Li met dife nan kay Bondye a ak nan palè wa a. Li boule
dènye kay ki te lavil Jerizalèm, ata kay grannèg yo. **10** Li
bay sòlda ki te avè l' yo lòd demoli tout gwo miray ranpa
lavil Jerizalèm yo met atè. **11** Lèfini, Neboucharadan, chèf
lagad la, pran rès moun yo te kite nan lavil la, li depòte yo
lavil Babilòn ansanm ak tout moun ki te vin rann tèt yo
bay wa Babilòn lan ak tout bon bòs ki te rete nan lavil la.
12 Men, li kite kèk moun nan mas pèp la, nan sa ki te pi
pòv yo. Li ba yo jaden rezen ak lòt jaden pou yo okipe. **13**
Moun Babilòn yo pran gwo poto kwiv yo ki te nan Tanp
Seyè a ansanm ak sipò yo ak basin kwiv yo. Yo kraze
yo an ti moso, yo pote kwiv la ale lavil Babilòn. **14** Yo
pran plat pou resevwa sann yo, pèl yo, kouto yo, gode yo,
tas yo, kiyè yo ak tout lòt bagay an kwiv yo te konn sèvi
nan tanp lan. **15** Chèf lagad la pran kivèt yo, recho yo ak
dènye bagay ki te fèt an lò ak an ajan: **16** de gwo poto
won yo, gwo basin lan ak douz estati towo bèf ki te sèvi l'
sipò yo, ak kabwèt wa Salomon te fè fè an kwiv pou mete
nan Tanp lan. Tout bagay sa yo te lou anpil, pesonn pa t'
konn pèz yo. **17** Chak poto te gen vennsèt pye wotè. Sou
tèt chak poto te gen yon blòk an kwiv sèt pye edmi wotè.
Sou tout wonn tèt poto yo, te gen desen ti chenn makònen
yonn ak lòt ak anpil pòtre grenad plake sou yo. Tout te fèt
an kwiv. De poto yo te parèy. **18** Lèfini, Neboucharadan,
chèf lagad la, pran Seraja, granprèt la, Sefanya, adjwen
granprèt la, ansanm ak twa lòt gwo chèf nan Tanp lan, li
fè yo prizonye. **19** Nan lavil la, li pran chèf ki te kòmandan
lame a ansanm ak senk lòt otorite ki te konseye wa a,
ak sekretè kòmandan lame a ki te reskonsab pou pran
moun nan lame a, ak swasant lòt grannèg. Tout moun
sa yo te nan lavil la toujou. **20** Neboucharadan pran yo,
li mennen yo bay wa Babilòn lan lavil Ribla. **21** Wa a
fè bat yo, lèfini, li fè touye yo lavil Ribla nan peyi Amat.
Se konsa yo te depòte moun Jida yo byen lwen peyi
yo. **22** Nèbikadneza, wa Babilòn lan, pran Gedalya, pitit
Achikam, pitit pitit Chafan, li mete l' chèf sou rès moun
li te kite nan peyi a. **23** Rès chèf lame yo ansanm ak
sòlda yo vin konnen wa Babilòn lan te mete Gedalya chèf
sou tout peyi a. Se konsa Ismayèl, pitit Netanya, Joanan,
pitit Karèd, Seraja, pitit Tannoumèt, moun lavil Netofa,
ansanm ak Zezanya, pitit Makan, yo moute lavil Mispa, y'
al jwenn Gedalya ansanm ak tout sòlda yo. **24** Gedalya di
yo: —Mwen ban nou pawòl mwen, nou pa bezwen pè
soumèt devan moun Babilòn yo. Rete nan peyi a. Sevi wa
Babilòn lan. Tout bagay va mache byen pou nou. **25** Nan
setyèm mwa a menm lanne sa a, Ismayèl, pitit Netanya,
pitit pitit Elichama, rive Mispa ansanm ak dis lòt moun.
Ismayèl te yon ti fanmi wa a. Yo touye Gedalya ansanm
ak tout gason jwif ki te lavil Mispa avèk Gedalya. Yo touye
tout sòlda moun Babilòn ki te la tou. **26** Lè sa a, tout
moun, granmoun kou timoun, ansanm ak chèf lame yo
leve, yo desann peyi Lejip paske yo te pè moun Babilòn
yo. **27** Premye lanne wa Evilmewodak pran pouvwa a lavil
Babilòn, li fè pa Jojakin, wa Jida a, li fè l' soti nan prizon.
Lè sa a, Jojakin te gen trannsizan, onz mwa vennsèt jou,
jou pou jou, depi yo te depòte l'. **28** Evilmewodak te sèvi
byen avè l', li ba l' premye plas nan mitan tout lòt wa yo te
depòte lavil Babilòn tankou l' yo. **29** Li wete rad prizonye
ki te sou Jojakin lan, li fè l' vin manje sou menm tab avè l'
chak jou jouk Jojakin mouri. **30** Chak jou, wa a ba li sa li
te bezwen pou l' viv, konsa, konsa, jouk li mouri.

1 Istwa

1 Adan te papa Sèt, Sèt te papa Enòk, **2** Enòk te papa
Kenan, Kenan te papa Malaleyèl, Malaleyèl te papa
Jerèd, **3** Jerèd te papa Enòk, Enòk te papa Metouchela,
Metouchela te papa Lemèk, **4** Lemèk te papa Noe, Noe te
papa Sèm, Kam ak Jafè. **5** Men non pitit Jafè yo: Gomè,
Magòg, Madayi, Javan, Toubal, Mechèk ak Tiras. **6** Men
non pitit Gomè yo: Achkenaz, Rifat ak Togama. **7** Men
non pitit Javan yo: Elicha, Tasis, Kitim ak Wodanim. **8**
Men non pitit Kam yo: Kouch, Mizrayim, Pout ak Kanaran.
Se yo ki zansèt moun ki pote non yo. **9** Men non pitit
Kouch yo: Seba, Avila, Sabta, Rama ak Sabteka. Men
non pitit Rama yo: Seba ak Dedan. **10** Kouch te papa
Nimwòd ki te premye gwo chèf sou latè. **11** Mizrayim fè
pitit. Se yo ki te zansèt moun peyi Lidi yo, moun Anam yo,
moun Leyab yo, moun Naftou yo, **12** moun Patwous yo,
moun Kaslou yo ak moun lil Kaftò yo. Se nan ras sa a
moun Filisti yo soti. **13** Men non pitit Kanaran yo: Sidon,
premye pitit li ak Et. Se yo menm ki zansèt moun ki pote
non yo. **14** Kanaran te zansèt moun Jebis yo, moun Amori
yo, moun Gigach yo, **15** moun Evi yo, moun Aka yo, moun
Sini yo, **16** moun Avad yo, moun Zema yo ak moun Amat
yo. **17** Men non pitit Sèm yo: Elam, Asou, Apachad, Lidi,
Aram. Men non pitit Aram yo: Ouz, Oul, Getè ak Mechèk.
Se yo ki zansèt moun ki pote non yo. **18** Apachab te papa
Chelak, Chelak te papa Ebè. **19** Ebè te gen de pitit gason.
Yonn te rele Pelèg, paske sou tan li moun sou latè te
divize yonn ak lòt. Lòt pitit Ebè a te rele Joktan. **20** Joktan
te papa Almodad, Chelèf, Azamavèt, Jerak, **21** Adoram,
Ouzal, Dikla, **22** Ebal, Abimayèl, Seba, **23** Ofi, Avila ak
Jobab. Tout moun sa yo se pitit Joktan yo ye. **24** Soti
nan Sèm rive sou Abraram, nou jwenn Sèm, Apachad,
Chelak, **25** Ebè, Pelèg, Reou, **26** Sewoug, Nakò, Terak
27 ak Abram ki te rele Abraram tou. **28** Abraram te gen de
pitit gason: Izarak ak Izmayèl. **29** Pitit gason Izmayèl yo
te vin zansèt douz branch fanmi: Se te Nebajòt, premye
pitit Izmayèl la, Keda, Adbeyèl, Mibsam, **30** Michma,
Douma, Masa, Adad, Tema, **31** Jetou, Nafich ak Kedma.
32 Abraram te gen yon lòt fanm kay ki te rele Ketoura.
Ketoura sa a fè sis pitit gason pou li. Men non yo: Zimran,
Joksan, Medan, Madyan, Jisbak ak Swak. Joksan te gen
de pitit gason. Se te Seba ak Dedan. **33** Madyan te gen
senk pitit gason. Se te Efa, Efè, Enòk, Abida ak Elda.
Tout moun sa yo, se nan branch fanmi Ketoura a yo ye.
34 Izarak, pitit gason Abraram, te gen de pitit gason: Se
te Ezaou ak Izrayèl. **35** Men non pitit Ezaou yo: Elifaz,
Reouyèl, Jeouch, Jalam ak Kore. **36** Se Elifaz ki zansèt
branch fanmi sa yo: Teman, Oma, Zefi, Gayetan, Kenaz,
Timna ak Amalèk. **37** Reouyèl te zansèt branch fanmi sa
yo: Naat, Zera, Chanma ak Miza. **38** Se Seyi ki zansèt
premye moun ki te rete nan peyi Edon an. Men non pitit li
yo: Lotan, Chobal, Zibeyon, Ana, Dichon, Ezè ak Dichan.
39 Men non pitit Lotan yo: Ori ak Oman. Lotan te gen
yon sè ki te rele Timna. **40** Men pitit Chobal yo: Aljan,
Manarat, Ebal, Chefi, Onam. Men non pitit Zibeyon yo: Aja
ak Ana. **41** Ana te papa Dichon, Dichon te papa Amram,
Echban, Jitran ak Keran. **42** Ezè te papa Bilan, Zavan ak
Jakan. Dichan menm te papa Ouz ak Aran. **43** Men wa
ki te gouvènen peyi Edon an, anvan te gen ankenn wa
nan peyi Izrayèl la. Premye a te Bela, pitit gason Beyò.
Lavil kote li moun lan te rele Dinaba. **44** Lè Bela mouri, se
Jobab, pitit gason Zerak, moun lavil Bozra, ki te gouvènen
nan plas li. **45** Lè Jobab mouri, se Oucham, moun peyi
Teman, ki te gouvènen nan plas li. **46** Lè Oucham mouri,
se Adad, pitit gason Bedad, ki te gouvènen nan plas li.
Se Adad sa a ki te bat moun peyi Madyan yo nan plenn
Moab la. Yo te rele lavil kote li moun lan Avit. **47** Lè Adad
mouri, se Samla, moun Masreka, ki te gouvènen nan plas
li. **48** Lè Samla mouri, se Sayil, moun lavil Reyobòt bò
larivyè Lefrat la, ki te gouvènen nan plas li. **49** Lè Sayil
mouri, se Baalanan, pitit gason Akbò, ki te gouvènen nan
plas li. **50** Lè Baalanan mouri, se Ada ki te gouvènen nan
plas li. Yo te rele lavil kote li moun lan Payi. Madanm li te
rele Metabèl. Se te pitit fi Matrèb, ki pou tèt pa l' te pitit fi
Mezarab. **51** Ada mouri. Apre sa, men non pitit Ezaou
yo ki te chèf branch fanmi yo: Se te Timna, Alva, Jetèt,
52 Olibama, Ela, Pinon, **53** Kenaz, Teman, Mibza, **54**
Masdiyèl, Iram. Se te non tout chèf peyi Edon yo sa.

2 Men non pitit gason Izrayèl yo: Woubenn, Simeyon,
Levi, Jida, Isaka, Zabilon, **2** Dann, Jozèf, Benjamen,
Neftali, Gad ak Asè. **3** Jida te gen senk pitit gason antou.
Chwa, moun peyi Kanaran, te fè twa pitit pou li. Se te Er,
Onan ak Chela. Er, pi gran pitit gason Jida a, te sitèlman
fè sa ki mal, Seyè a touye l'. **4** Tama, bèlfi Jida a, fè de
pitit pou Jida. Se te Perèz ak Zerak. **5** Perèz te gen de
pitit gason. Se te Ezwon ak Amoul. **6** Zerak te gen senk
pitit gason: Zimri, Etan, Eman, Kalkòl ak Dada. **7** Se Aka,
pitit gason Kami, yon moun fanmi Zerak la, ki te rale malè
sou pèp Izrayèl la, lè li te pran nan sa pou yo te boule
nèt pou Seyè a. **8** Etan te papa Azarya. **9** Ezwon te
papa Jerakmeyèl, Ram ak Keloubayi. **10** Ram te papa
Aminadab, Aminadab te papa Nachon, yonn nan gwo
chèf fanmi Jida yo. Nachon te papa Salma. **11** Salma te
papa Boz. **12** Boz te papa Obèd, Obèd te papa Izayi. **13**
Men pitit Izayi yo: Eliyab, premye pitit gason l', Abinadab,
dezyèm pitit gason l', Chimeya, twazyèm pitit gason l',
14 Netanèl, katriyèm pitit gason li, Radayi, senkyèm pitit
gason li, Ozèm, sizyèm pitit gason li **15** ak David, setyèm
pitit gason l'. **16** De pitit fi Izayi yo te rele Sewouya ak
Abigayil. Sewouya, pitit fi Izayi a, te gen twa pitit gason:
Abichayi, Joab ak Asayèl. **17** Abigayil te fè yon pitit gason
pou Jetè, yon moun nan fanmi Izmayèl. Pitit la te rele
Amasa. **18** Kalèb, pitit Ezwon, te marye ak Azouba. Yo
te gen yon pitit fi yo te rele Jeriòt ak twa lòt pitit gason:
Jechè, Chobab ak Adon. **19** Lè Azouba mouri, Kalèb
marye ak Efrata. Yo te gen yon pitit gason yo rele Our. **20**
Our te papa Ouri, Ouri te papa Bezaleyèl. **21** Lè Ezwon te
gen swasantan laj, li marye ak pitit fi Maki a, sè Galarad.
Yo te gen yon pitit gason yo te rele Segoub. **22** Segoub

te papa Jayi. Jayi te gouvènen venntwa lavil nan peyi
Galarad. 23 Men moun Gèchou ak moun Aram yo te pran
nan men l' zòn Jayi a ak lavil Kenat ansanm ak tout ti
bouk ki nan vwazinaj li yo. Sa te fè antou swasant bouk.
Tout moun ki te rete nan zòn lan te fanmi Maki, papa
Galarad. 24 Lè Ezwon mouri, Kalèb marye ak Efrata,
madanm Ezwon, papa l'. Efrata fè yon pitit gason pou li
ki te rele Askou, papa Tekoa. 25 Jerakmeyèl, premye
pitit gason Ezwon an, te gen senk pitit gason: Ram, pi
gran an, Bouna, Orèn, Ozèm ak Akija. 26 Jerakmeyèl te
gen yon lòt madanm ki te rele Atara. Atara fè yon pitit
gason pou li. Se te Onam. 27 Ram, premye pitit gason
Jerakmeyèl la, te gen twa pitit gason: Maz, Jamen ak
Ekè. 28 Onam te gen de pitit gason: Chamayi ak Jada.
Chamayi te gen de pitit gason tou: Nadad ak Abichou. 29
Madanm Abichou te rele Abijayil. Li fè de pitit gason pou
Abichou: Aban ak Molib. 30 Nadab, frè Abichou a, te gen
de pitit gason: Selèd ak Apayim. Men Selèd mouri san
kite pitit gason. 31 Apayim te papa Icheyi. Icheyi te papa
Chechan, Chechan te papa Alayi. 32 Jada, frè Chamayi
a, te gen de pitit gason: Jetè ak Jonatan. Men Jetè mouri
san kite pitit gason. 33 Jonatan te gen de pitit gason: Pelèt
ak Zaza. Tout moun sa yo se fanmi Jerakmeyèl yo ye. 34
Chechan pa t' gen pitit gason. Tout pitit li yo se fi yo te ye.
Li te gen yon domestik ki te moun peyi Lejip. Domestik la
te rele Jara. 35 Chechan marye yonn nan pitit fi li yo avè
l'. Yo te gen yon pitit gason ki te rele Atayi. 36 Atayi te
papa Natan, Natan te papa Zabad. 37 Zabad te papa
Efal, Efal te papa Obèd. 38 Obèd te papa Jeou. Jeou te
papa Azarya. 39 Azarya te papa Elèz. Elèz te papa Elasa.
40 Elasa te papa Sismayi, Sismayi te papa Chaloum. 41
Chaloum te papa Jekamya. Jekamya te papa Elichama.
42 Premye pitit gason Kalèb, frè Jerakmeyèl la, te rele
Mecha. Mecha te papa Zif. Marecha, dezyèm pitit Kalèb
la, te papa Ebwon. 43 Ebwon te gen kat pitit gason: Kora,
Tapwak, Rekèm ak Chema. 44 Chema te papa Raam ki
te papa Jòkeam. Rekèm te papa Chamayi. 45 Chamayi te
papa Maon ki te papa Betsou. 46 Kalèb te gen yon lòt
fanm kay yo te rele Efa. Li fè twa lòt pitit avè l': Aran,
Moza ak Gazèz. Aran te gen yon pitit gason yo te rele
Gazèz tou. 47 Yon nonm yo te rele Jadayi te gen sis pitit
gason: Regèm, Jotam, Gechan, Pelèt, Efa ak Chaf. 48
Kalèb te gen yon lòt fanm kay ankò ki te rele Maka. Maka
fè de pitit gason pou li: Chebè ak Tirana. 49 Apre sa,
Maka fè de lòt pitit gason: Chaf ki te papa Madmana, ak
Seva ki te papa Makbena ak Gibeya. Kalèb te gen yon
pitit fi tou ki te rele Aksa. 50 Tout moun sa yo te nan fanmi
Kalèb. Our te premye pitit gason Efrata ak Kalèb. Men
pitit li yo: Chobal ki te papa Kiriyat-Jearim, 51 Salma ki te
papa Betleyèm, ak Arèf ki te papa Betgadè. 52 Chobal,
papa Kiriyat-Jearim, te zansèt moun Awoyè yo, mwatye
nan moun ki rete Menouyòt yo, 53 ak moun ki te rete nan
Kiriyat-Jearim, ki vle di: moun Jetè yo, moun Pout yo,
moun Choumat yo ak moun Michra yo. Moun ki rete lavil
Sora ak lavil Echtawòl yo te soti nan branch fanmi moun
sa yo tou. 54 Salma, papa Betleyèm, te zansèt moun lavil
Netofat, moun lavil Atwòt-Bèt-Joab, ak moun Sora yo ki te
yonn nan de branch fanmi ki te rete Manarat yo. 55 Men
branch fanmi moun ki te abil nan ekri ak kopye dokiman.
Yo te rete lavil Jabèz. Se te moun Tira yo, moun Chima
yo ak moun Souka yo. Se moun branch fanmi Kayen ki
soti nan fanmi Amat, zansèt moun Rekab yo.

3 Men non pitit gason David vin genyen antan li te lavil
Ebwon. Pi gran an te rele Amon. Se Akinoam, moun
lavil Jizreyèl, ki te manman l'. Dezyèm lan te rele Danyèl.
Se Abigayil, moun lavil Kamèl, ki te manman l'. 2 Twazyèm
lan te rele Absalon. Se Maka, pitit fi Talmayi, wa lavil
Gechou a, ki te manman l'. Katriyèm lan te rele Adonija.
Se Agit ki te manman l'. 3 Senkyèm lan te rele Chefatya.
Se Abital ki te manman l'. Sizyèm lan te rele Jitreyam. Se
Egla, madan David, ki te manman l'. 4 Sis pitit sa yo te
fèt lavil Ebwon kote David te gouvènen pandan sètan
sis mwa. Apre sa, David al rete lavil Jerizalèm kote li
gouvènen pandan tranntwazan. 5 Li fè anpil pitit gason la
tou. Batcheba, pitit fi Amiyel la, fe kat pitit gason pou li:
Chimea, Chabab, Natan ak Salomon. 6 Li te gen nèf lòt
pitit gason: Iba, Elichwa, Elpelèt, 7 Noga, Nefèg, Jafya, 8
Elichama, Elyada, Elifelèt. 9 David te fè lòt pitit gason
toujou ak lòt fanm kay mete sou sa yo. Li te gen yon
pitit fi yo te rele Tama. 10 Salomon te papa Woboram,
Woboram te papa Abija, Abija te papa Asa, Asa te papa
Jozafa, 11 Jozafa te papa Joram, Joram te papa Okozyas,
Okozyas te papa Joas, 12 Joas te papa Amazya, Amazya
te papa Azarya, Azarya te papa Jotam, 13 Jotam te papa
Akaz, Akaz te papa Ezekyas, Ezekyas te papa Manase,
14 Manase te papa Amon, Amon te papa Jozyas. 15
Jozyas te gen kat pitit gason. Pi gran an te rele Jokanan,
dezyèm lan Jojakim, twazyèm lan Sedesyas, katriyèm lan
Chaloum. 16 Jojakim te papa Jekonya ak Sedesyas. 17
Men non fanmi wa Jojakim moun Babilòn yo te fè prizonye
a. Jojakim te gen sèt pitit gason: Chealtyèl, 18 Malkiram,
Pedaja, Chenasa, Jekamya, Ochama ak Nedabya. 19
Pedaja te gen de pitit gason: Zowobabèl ak Chimeyi.
Zowobabel te gen de pitit gason: Mechoulam ak Ananya,
ak yon pitit fi, Chelomit. 20 Li te fè senk lòt pitit gason.
Se te Achouba, Ojèl, Berekya, Asadya ak Jouchabesèd.
21 Ananya te gen de pitit gason: Pelatya ak Jechaya.
Jechaya te papa Refaya, Refaya te papa Anan, Anan te
papa Obadya, Obadya te papa Chekanya. 22 Chekanya
te gen yon pitit gason, Chemaya, ak senk pitit pitit: Atouch,
Igal, Barya, Nearya ak Chafat. 23 Nearya te gen twa pitit
gason: Elioenayi, Izkiya ak Azrikam. 24 Elioenayi te gen
sèt pitit gason: Odavya, Elyachib, Pelaya, Akoub, Joanan,
Delaya ak Anani.

4 Men non lòt pitit gason Jida te gen: Perèz, Ezwon,
Kami, Our ak Chobal. 2 Chobal te papa Reaja, Reaja
te papa Jakat, Jakat te papa Akoumayi ak Laad. Se yo
ki zansèt moun ki rete lavil Zora. 3 Etam te pitit Our.
Se li ki papa Jizreyèl, Ichma, Idbak ak yon pitit fi yo rele

Azelèl-poni. **4** Penwèl, yon lòt pitit Our, te papa Gedò.
Ezè, yon lòt pitit Our, te papa Oucha. Our te premye pitit
Efrata, madan Kalèb. Se branch fanmi l' lan ki te bati
lavil Betleyèm. **5** Achou, ki te bati lavil Tekoa, te gen
de madanm: Ela ak Nara. **6** Nara te fè kat pitit gason
pou li. Se te Aouzam, Efè, Temeni ak Ayachtari. **7** Ela te
fè twa pitit gason pou li: Zerèt, Soa ak Etnan. **8** Kòz te
papa Anoub ak Zobeba. Se li ki zansèt tout branch fanmi
Arèl, pitit gason Awoum. **9** Te gen yon moun yo te rele
Jabez. Nan tout fanmi l', se li menm yo te pi respekte.
Manman l' te rele l' konsa, paske li te soufri anpil lè li
t'ap fè l'. **10** Men Jabèz te lapriyè Bondye pèp Izrayèl la,
li te di l': -Tanpri, Bondye, beni mwen. Ban m' anpil tè.
Kanpe la ave m'. Pa kite ankenn malè rive m' pou m' pa
soufri. Se konsa Bondye ba li sa l' te mande a. **11** Keloub,
frè Choula, te gen yon pitit gason yo te rele Meyi. Meyi
te papa Echton. **12** Echton te papa Betrafa, Pasea ak
Techima. Se Techima ki te tabli lavil Nagach. Se fanmi
moun sa yo ki rete lavil Reka. **13** Kenaz te gen de pitit
gason: Otnyèl ak Seraja. Otnyèl te gen de pitit gason tou:
Atat ak Meonotayi. **14** Meonotayi te papa Ofra. Seraja
te papa Joab, zansèt moun ki rete nan fon Bòs Atizan
yo. Tout moun sa yo te bòs nan metye yo. **15** Kalèb, pitit
gason Jefoune, te gen twa pitit gason pou tèt pa l': Iwou,
Ela ak Nam. Ela te papa Kenaz. **16** Jealelèl te gen kat
pitit gason: Zif, Zifa, Tirya ak Azareyèl. **17** Esdras te gen
kat pitit gason: Jetè, Merèd, Efè ak Jalou. Merèd marye
ak Bitya, yonn nan pitit fi farawon peyi Lejip la. Yo fè
yon pitit fi, Miryam, ak de pitit gason: Chamayi ak Ichba.
Ichba te papa Estemoa. **18** Merèd te pran yon fanm nan
branch fanmi Jida a tou pou madanm. Madanm sa a ba li
twa pitit gason: Jerèd, papa Gedò, Ebè, papa Soko, ak
Jekoutiyèl, papa Zanoa. **19** Odija marye ak sè Naam lan.
Se pitit yo ki zansèt branch fanmi moun Gram yo ki te
rete lavil Kejila, ak branch fanmi moun Makat yo ki te rete
lavil Estemoa. **20** Chimon te gen kat pitit gason: Amnon,
Rina, Bennanan ak Tilon. Icheyi te gen de pitit gason:
Zoet ak Bennzoèt. **21** Men moun ki nan branch fanmi
Chela, pitit Jida a: Er, papa Leka, Lada, papa Marecha,
branch fanmi moun ki fè bon twal fin nan lavil Bètachbea
yo. **22** Jokim, moun ki rete lavil Kozeba, Joas ak Saraf.
Moun sa yo te marye ak fanm moun peyi Moab, lèfini yo
tounen vin rete lavil Betleyèm, dapre sa moun lontan yo
ap repete. **23** Se moun ki te konn fè veso an tè. Yo te
rete lavil Netayim ak lavil Gedera. Se yo ki te konn travay
pou wa a. **24** Simeyon te gen senk pitit gason: Nemwèl,
Jamen, Jarib, Zera ak Sayil. **25** Sayil te papa Chaloum,
Chaloum te papa Mibsam, Mibsam te papa Michma, **26**
Michma te papa Amwèl, Amwèl te papa Zakou, Zakou
te papa Chimeyi. **27** Chimeyi te gen sèz pitit gason ak
sis pitit fi. Men lòt frè l' yo pa t' fè anpil pitit. Se konsa
branch fanmi Simeyon an pa t' rive gen menm kantite
moun ak branch fanmi Jida a. **28** Rive sou rèy wa David,
moun branch fanmi Simeyon yo te rete nan lavil sa yo:
Becheba, Molada, Azachwal, **29** Bila, Ezèm, Tolad, **30**
Betwèl, Oma, Zikla, **31** Bètmakabòt, Azasousim, Bètbireyi
ak Charayim. **32** Yo te rete nan senk lòt kote apre sa:
Etam, Ayin, Rimon, Tochenn ak Achan, **33** ak tout ti bouk
ki nan vwazinaj yo, rive lavil Balat, nan direksyon sid. Tou
sa se kote yo t'ap viv ak liv rejis fanmi yo. **34** Men moun ki
te chèf branch fanmi Simeyon yo: Mechobab, Jamlèk,
Jocha, pitit gason Amazya, **35** ak Joèl, Jeou, pitit gason
Jozibyas ki te pitit Seraja, pitit pitit Asiyèl, **36** Elioenayi,
Jakoba, Jekoaja, Asaya, Adyèl, Jezimyèl, Benaja, **37** Ziza,
pitit gason Chifi, ki te pitit gason Alon. Alon sa a te pitit
Jedaja. Jedaja menm te pitit Chimri ki te pitit Chemaja. **38**
Tout moun nou sot nonmen la yo te chèf nan fanmi yo.
Branch fanmi an t'ap peple toujou. **39** Y' al chache patiraj
pou mouton yo toupre lavil Gedò, sou bò solèy leve nan
fon kote lavil la ye a. **40** La, yo jwenn yon bon patiraj ki te
fre nan yon plenn kote ki pa t' gen bri ni dezòd. Se la
moun branch fanmi Kam yo te rete nan tan lontan. **41** Sou
rèy Ezekyas, wa peyi Jida, moun nou sot bay non yo la a
rive lavil Gedò, yo touye moun fanmi Kam yo nèt tankou
yon ofrann pou Bondye. Yo detwi tout lavil la ak ti joupa
moun yo. Yo pran plas moun yo nan peyi a, paske te gen
anpil bon patiraj pou mouton ak kabrit yo. **42** Senksan
(500) lòt moun nan branch fanmi Simeyon an pati pou
mòn Seyi, nan peyi Edon. Yo te gen pou chèf kat pitit
gason Icheyi yo: Pelatya, Nearya, Refaja ak Ouzyèl. **43**
Lè yo rive, yo touye rès moun Amalèk yo. Depi lè sa a se
la yo rete jouk jounen jòdi a.

5 Men moun branch fanmi Woubenn, premye pitit Izrayèl
la. Se Woubenn ki te premye pitit gason, men li te
pèdi dwa premye pitit li paske li te kouche ak yonn nan
madanm papa l' yo. Se pitit Jozèf yo, yon lòt pitit Izrayèl,
yo te bay dwa premye pitit la. Tansèlman, yo pa t' pote
non Jozèf la sou rejis tankou premye pitit. **2** Lèfini, se
branch fanmi Jida a ki te vin pi fò. Se li menm ki bay yon
chèf pou gouvènen tout branch fanmi yo. Men tout jan,
se Jozèf yo te bay dwa premye pitit la. **3** Woubenn, pi
gran nan pitit gason Izrayèl yo, te gen kat pitit gason:
Enòk, Palou, Ezwon ak Kami. **4** Joèl te papa Chemaja,
Chemaja te papa Gòg, Gòg te papa Chimeyi, **5** Chimeyi
te papa Mika, Mika te papa Reaja, Reaja te papa Baal. **6**
Baal te papa Bera, yonn nan chèf fanmi Woubenn yo. Se
li menm Tiglat-Pilesè, wa peyi Lasiri a, te depòte. **7** Men
lis lòt chèf fanmi Woubenn yo dapre rejis kote yo te ekri
non yo. N'ap konmanse ak pi ansyen an. Te gen Jeyèl,
Zakari, **8** Bela, pitit Aza, pitit pitit Chema nan branch fanmi
Joèl. Se yo ki te rete nan zòn Awoyè, rive Nebo ak Baal
Meon sou nan nò. **9** Yo te gen anpil mouton ak kabrit nan
tout peyi Galarad la. Se konsa yo pran tout peyi a depi
bò dezè a rive jouk bò larivyè Lefrat bò solèy leve. **10**
Sou rèy wa Sayil, moun Woubenn yo atake moun Aga
yo. Yo bat yo, yo pran tout tè moun yo ki sou bò solèy
leve nan peyi Galarad. **11** Branch fanmi Gad la te rete
sou bò nò moun branch fanmi Woubenn yo, nan peyi
Bazan, rive Salka sou bò solèy leve. **12** Joèl te vin an
premye. Apre li te gen Chafam, Janayi ak Chafat nan

peyi Bazan. 13 Lòt moun nan fanmi an te fè sèt branch.
Men non branch fanmi yo, dapre non zansèt yo: Mikayèl,
Mechoulam, Cheba, Jorayi, Jakan, Zya ak Ebè. 14 Yo
tout te pitit Abikayil ki te pitit Ouri. Ouri te pitit Jawoja ki te
pitit Galarad. Galarad te pitit Mikayèl ki te pitit Jechichayi.
Jechichayi te pitit Jakdo ki te pitit Bouz. 15 Aki, pitit
Abdyèl, pitit pitit Gouni, te zansèt tout fanmi sa yo. 16 Yo
te rete nan peyi Bazan ak nan peyi Galarad, nan lavil yo
ak nan tout savann patiraj peyi Sawon an. 17 Se sou rèy
Jotam, wa peyi Jida, ak Jewoboram, wa peyi Izrayèl, yo
te fè rejis sa yo. 18 Branch fanmi Woubenn lan, branch
fanmi Gad la ak mwatye branch fanmi Manase a te gen
antou karannkatmil sètsanswasant (44.760) sòlda, tout
vanyan gason, ki konn sèvi ak pwotèj an fè ak nepe, ak
banza. Yo te abil nan fè lagè. 19 Yo fè lagè ak moun Aga
yo ki te rete lavil Jetou, lavil Nafich ak lavil Nodab. 20 Yo
pa t' pou kont yo nan batay la. Yo te mete konfyans yo
nan Bondye. Pandan batay la, yo lapriyè mande l' konkou.
Bondye reponn yo, li lage tout moun Aga yo ansanm
ak tout moun ki te avèk moun Aga yo nan men yo. 21
Yo pran senkantmil (50.000) chamo, desansenkantmil
(250.000) mouton ak kabrit, demil (2.000) bourik nan men
lènmi yo. Yo fè sanmil (100.000) prizonye. 22 Yo touye
anpil ladan lènmi yo paske batay la se Bondye menm ki
t'ap mennen l' pou yo. Se konsa yo rete nan zòn sa a
jouk jou yo depòte yo. 23 Moun mwatye branch fanmi
Manase ki sou bò solèy leve larivyè Jouden an te rete
nan zòn ki soti Bazan moute nan nò rive Baalèmòn, lavil
Sini ak mòn Emon. Yo te peple anpil. 24 Men non chèf
fanmi yo: Efè, Icheyi, Eliyèl, Azryèl, Jeremi, Odavya ak
Jadyèl. Mesye sa yo te vanyan sòlda, chèf fanmi yo. Tout
moun t'ap nonmen non yo. 25 Men, pèp la te vire do bay
Bondye zansèt yo a, y' al kouri fè sèvis pou bondye lòt
nasyon Bondye te disparèt pou fè plas pou yo. 26 Se
poutèt sa, Bondye pèp Izrayèl la fè Poul, wa peyi Lasiri a
ki te rele Tiglat-Pilesè tou, anvayi peyi yo a, depòte moun
branch fanmi Woubenn yo, moun branch fanmi Gad yo ak
moun mwatye branch fanmi Manase yo. Li mennen yo
lavil Ala, lavil Abò, lavil Ara ak bò larivyè Gozan kote yo
rete jouk jounen jòdi a.

6 Levi te gen twa pitit gason: Gèchon, Keyat ak Merari. 2
Keyat te gen kat pitit gason: Amram, Jizeya, Ebwon ak
Ouzyèl. 3 Amram te gen de pitit gason, Arawon ak Moyiz
ak yon pitit fi yo te rele Miryam. Arawon te gen kat pitit
gason: Nadab, Abiyou, Eleaza ak Itama. 4 Eleaza te papa
Fineas, Fineas te papa Abichwa, 5 Abichwa te papa Bouki,
Bouki te papa Ouzi, 6 Ouzi te papa Zeraja, Zeraja te
papa Merajòt, 7 Merajòt te papa Amarya, Amarya te papa
Akitoub, 8 Akitoub te papa Zadòk, Zadòk te papa Akimaz,
9 Akimaz te papa Azarya, Azarya te papa Joanan, 10
Joanan te papa Azarya. Se li menm Azarya ki te sèvi prèt
nan tanp Salomon te bati lavil Jerizalèm lan. 11 Azarya te
papa Amarya, Amarya te papa Achitoub, 12 Achitoub
te papa Zadòk, Zadòk te papa Chaloum, 13 Chaloum
te papa Ilkija, Ilkija te papa Azarya, 14 Azarya te papa
Seraja, Seraja te papa Jeosadak. 15 Wa Nèbikadneza te
depòte Jeosadak ansanm ak tout moun peyi Jida ak tout
moun lavil Jerizalèm yo, jan Bondye te vle l' la. 16 Levi te
gen twa pitit gason: Gèchon, Keyat ak Merari. 17 Men
non pitit Gechon yo: Libni ak Chimeyi. 18 Keyat te papa
Amram, Jizeya, Ebwon ak Ouzyèl. 19 Merari te papa Makli
ak Mouchi. Men non branch fanmi Levi yo dapre zansèt
yo. 20 Gèchon te papa Libni, Libni te papa Jakat, Jakat te
papa Zima, 21 Zima te papa Joak, Joak te papa Ido, Ido
te papa Zerak, Zerak te papa Jeatrayi. 22 Keyat te papa
Aminadab, Aminadab te papa Kore, Kore te papa Asi. 23
Asi te papa Elkana, Elkana te papa Ebyasaf, Ebyasaf
te papa Asi. 24 Asi te papa Tajat, Tajat te papa Ouryèl,
Ouryèl te papa Ouzya, Ouzya te papa Sayil. 25 Elkana te
gen de pitit gason: Amasayi ak Akimòt. 26 Akimòt te papa
Elkana, Elkana te papa Zofayi, Zofayi te papa Naat, 27
Naat te papa Eliyab, Eliyab te papa Jeworam, Jeworam te
papa Elkana. Elkana te papa Samyèl. 28 Samyèl te gen
de pitit gason: Joèl, pi gran an ak Abija, dezyèm lan. 29
Merari bò pa l' te papa Makli, Makli te papa Libni, Libni te
papa Chimeyi, Chimeyi te papa Ouza. 30 Ouza te papa
Chimeya, Chimeya te papa Agija, Agija te papa Asaja. 31
Men moun David te mete pou reskonsab tout chante nan
Tanp Seyè a lè y'a fin enstale Bwat Kontra a ladan l'. 32
Se yo ki te konn chante devan Tant Randevou a, jouk wa
Salomon te fin bati Tanp Seyè a lavil Jerizalèm. Yo te fè
travay yo yonn apre lòt dapre regleman yo te ba yo. 33
Men non sanba yo ak tout fanmi yo: Nan fanmi Keyat la te
gen Eyman premye sanba, ki te pitit Joèl, ki li menm te
pitit Samyèl, 34 ki li menm te pitit Elkana, ki li menm te
pitit Jeworam, ki li menm te pitit Eliyèl, ki li menm te pitit
Toak, 35 ki li menm te pitit Zouf, ki li menm te pitit Elkana,
ki li menm te pitit Maat, ki li menm te pitit Amasayi, 36 ki li
menm te pitit Elkana, ki li menm te pitit Joèl, ki li menm te
pitit Azarya, ki li menm te pitit Sofoni, 37 ki li menm te pitit
Tat, ki li menm te pitit Asi, ki li menm te pitit Ebyasaf, ki li
menm te pitit Kore, 38 ki li menm te pitit Jizeya, ki li menm
te pitit Keyat, ki li menm te pitit Levi, ki li menm te pitit
Izrayèl. 39 Asaf, dezyèm sanba a, te kanpe sou bò dwat
Eyman. Asaf te pitit Berekya, ki li menm te pitit Chimeya,
40 ki li menm te pitit Mikayèl, ki li menm te pitit Baseja, ki li
menm te pitit Malkija, 41 ki li menm te pitit Etni, ki li menm
te pitit Zerak, ki li menm te pitit Adaja. 42 ki li menm te pitit
Etan, ki li menm te pitit Zima, ki li menm te pitit Chimeyi,
43 ki li menm te pitit Jakat, ki li menm te pitit Gèchon, ki
li menm te pitit Levi. 44 Etan ki soti nan branch fanmi
Merari a te twazyèm sanba a ki te sou bò gòch Eyman.
Se pitit Kichi li te ye. Kichi sa a te pitit Abdi, ki li menm te
pitit Malouk, 45 ki li menm te pitit Asabija, ki limenm te
pitit Amazya, ki li menm te pitit Ilkija, 46 ki li menm te pitit
Amasi, ki li menm te pitit Bani, ki li menm te pitit Chemè,
47 ki li menm te pitit Mali, ki li menm te pitit Mouchi, ki li
menm te pitit Merari, ki li menm te pitit Levi. 48 Lòt moun
branch fanmi Levi yo te gen travay pa yo nan sèvis Tanp

Seyè a. **49** Se Arawon ak pitit li yo ki te pou boule bèt yo
te ofri sou lotèl yo te mete la pou sa, ak lansan sou lotèl
lansan an. Se yo menm tou ki te reskonsab pou tout sèvis
nan kay yo mete apa nèt pou Seyè a, pou mande padon
pou peche pèp Izrayèl la, dapre tout regleman Moyiz,
sèvitè Bondye a, te bay. **50** Men fanmi Arawon yo: Arawon
te papa Eleaza, Eleaza te papa Fineas, Fineas te papa
Abichwa, **51** Abichwa te papa Bouki, Bouki te papa Ouzi,
Ouzi te papa Zeraja, **52** Zeraja te papa Merajòt, Merajòt
te papa Amarya, Amarya te papa Akitoub, **53** Akitoub te
papa Zadòk, Zadòk te papa Akimaz. **54** Men kote fanmi
Arawon yo te rete ak limit zòn ki te pou yo. Lè yo fè tiraj
osò, se branch fanmi Keyat yo ki soti an premye avèk
55 Ebwon, nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Jida a,
ansanm ak tout savann pou bèt yo. **56** Yo bay Kalèb, pitit
Jefoune a, tout jaden ki te andeyò lavil la ak tout ti bouk
ki te sou lòd li yo. **57** Men lavil yo te bay moun branch
fanmi Arawon yo: Ebwon ansanm ak tout savann pou bèt
yo, Libna ak tout savann pou bèt yo, Jati ak tout savann
pou bèt yo, Estemoa ak tout savann pou bèt yo, **58** Ilenn
ak tout savann pou bèt yo, Debi ak tout savann pou bèt
yo, **59** Achan ak tout savann pou bèt yo, Bètchemèch ak
tout savann pou bèt yo. **60** Nan pòsyon tè moun branch
fanmi Benjamen yo, yo ba yo Geba ak tout savann pou
bèt yo, Alemèt ak tout savann pou bèt yo, Anatòt ak tout
savann pou bèt yo. Sa te fè antou trèz lavil pou yo te
separe bay chak fanmi pa yo apa. **61** Yo pran dis lavil
nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Efrayim, pou branch
fanmi Dann lan ak pou lòt mwatye branch fanmi Manase
a, yo bay rès moun nan fanmi Keyat la. **62** Trèz lavil nan
pòsyon tè ki pou branch fanmi Isaka, branch fanmi Asè,
branch fanmi Nèftali ak lòt mwatye branch fanmi Manase
nan peyi Bazan an te soti pou branch fanmi Gèchon yo,
chak fanmi ak lavil pa yo apa. **63** Konsa tou, douz lavil
nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Woubenn, branch
fanmi Gad ak branch fanmi Zabilon soti pou branch fanmi
Merari yo, chak fanmi ak lavil pa yo apa. **64** Se konsa
moun pèp Izrayèl yo bay moun Levi yo lavil sa yo pou
yo rete ansanm ak tout savann pou bèt yo. **65** Yo te tire
osò tou pou yo ba yo lavil nan pòsyon tè branch fanmi
Jida, branch fanmi Simeyon ak branch fanmi Benjamen,
jan nou sot nonmen yo a. **66** Gen kèk fanmi nan branch
Keyat la ki te jwenn lavil nan pòsyon tè ki pou branch
fanmi Efrayim lan. **67** Yo ba yo tou lavil Sichèm, yonn
nan lavil kote moun ki touye moun ka kouri al chache
pwoteksyon an, ansanm ak tout savann pou bèt yo nan
mòn Efrayim lan, Gezè ansanm ak tout savann pou bèt
yo, **68** Yokmeam ak tout savann pou bèt yo, Bètowon ak
tout savann pou bèt yo, **69** Ajalon ak tout savann pou
bèt yo, **70** Gat-Rimon ak tout savann pou bèt yo. Nan
pòsyon tè ki pou lòt mwatye branch fanmi Manase a, sou
bò solèy kouche, yo ba yo Tanak ak tout savann pou
bèt yo, Jibleam ak tout savann pou bèt yo. Tou sa pou
rès fanmi nan branch Keyat la. **71** Nan pòsyon tè ki pou
mwatye branch fanmi Manase a sou bò solèy leve, yo bay
moun fanmi Gèchon yo lavil Golan nan peyi Bazan ak tout
savann pou bèt yo, lavil Astawòt ak tout savann pou bèt
yo. **72** Nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Isaka a, yo
ba yo Kadès ak tout savann pou bèt yo, Dobera ak tout
savann pou bèt yo, **73** Ramòt ak tout savann pou bèt yo,
Anèm ak tout savann pou bèt yo. **74** Nan pòsyon tè ki
pou branch fanmi Asè a, yo ba yo Machal ak tout savann
pou bèt yo, Abdon ak tout savann pou bèt yo, **75** Oukòk
ak tout savann pou bèt yo, Reyòb ak tout savann pou
bèt yo. **76** Nan pòsyon tè pou branch fanmi Neftali a,
yo ba yo Kadès nan peyi Galile ak tout savann pou bèt
yo, Amon ak tout savann pou bèt yo, Kiriyatayim ak tout
savann pou bèt yo. **77** Nan pòsyon tè ki pou branch fanmi
Zabilon an, yo bay Rimono ak tout savann pou bèt yo,
Tabò ak tout savann pou bèt yo pou rès moun nan branch
fanmi Merari a. **78** Nan pòsyon tè ki pou branch fanmi
Woubenn lan, sou bò solèy leve larivyè Jouden, anfas
lavil Jeriko, yo ba yo Bezè nan dezè a ak tout savann pou
bèt yo, Jaza ak tout savann pou bèt yo, **79** Kedemòt ak
tout savann pou bèt yo, Mefat ak tout savann pou bèt
yo. **80** Nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Gad la, yo ba
yo Ramòt nan peyi Galarad ak tout savann pou bèt yo,
Manayim ak tout savann pou bèt yo, **81** Esbon ak tout
savann pou bèt yo, Jazè ak tout savann pou bèt yo.

7 Isaka te gen kat pitit gason: Tola, Fwa, Yachoub ak
Chimwon. **2** Tola te gen sis pitit gason: Ouzi, Refaja,
Jeryèl, Jakmayi, Jibsam ak Samyèl. Se yo ki te chèf fanmi
Tola yo. Se te yon bann vanyan sòlda brave danje. Sou
rèy David te gen venndemil sisan (22.600) moun nan
branch fanmi sa a. **3** Ouzi te gen yon sèl pitit gason:
Jizrakya. Jizrakya te gen kat pitit gason: Mikayèl, Obadya,
Joèl ak Jichiya. Sa fè antou senk chèf fanmi. **4** Yo te gen
anpil madanm ak anpil pitit gason. Se konsa branch fanmi
sa a te bay anpil gason bon pou fè lagè. Antou trannsimil
(36.000). **5** Lè yo konte tout branch fanmi Isaka a dapre
rejis fanmi yo, yo te rive sou katrevensètmil (87.000)
gason antou, tout vanyan sòlda. **6** Benjamen te gen twa
pitit gason: Bela, Bekè ak Jedyayèl. **7** Bela te gen senk
pitit gason: Esbon, Ouzi, Ouzyèl, Jerimòt ak Iri. Yo tout te
chèf fanmi yo. Yo te vanyan sòlda. Dapre rejis fanmi yo, yo
te rive gen venndemil trannkat (22.034) moun nan fanmi
yo. **8** Men non pitit gason Bekè yo: Zemira, Joas, Elyezè,
Elioenayi, Omri, Jeremòt, Abija, Anatòt ak Alamèt. Yo tout
te pitit gason Bekè, chèf fanmi yo, tout vanyan sòlda. **9**
Dapre rejis fanmi yo, te gen venmil desan (20.200) gason
antou sou zòd yo. **10** Men pitit Jedyayèl la: Bilan. Men
pitit Bilan yo: Jeouch, Benjamen, Eyoud, Kenana, Zetan,
Tasis ak Akichaka. **11** Yo tout te moun fanmi Jedyayèl,
chèf fanmi yo ak vanyan sòlda. Yo te gen disètmil desan
(17.200) gason bon pou fè lagè. **12** Iri te gen de pitit
gason: Choupim ak Oupim. Ouchim te pitit Ayè. **13** Men
pitit gason Neftali yo: Jazeyèl, Gouni, Jezè ak Chaloum.
Yo tout te pitit pitit Bila. **14** Men pitit gason Manase te fè
ak fanm kay peyi Siri a: Asriyèl ak Maki, papa Galarad.
15 Maki fè afè ak Maka, yon fanm nan fanmi Oupim ak

Choupim. Dezyèm pitit gason Maki a te rele Zelofeyad.
Zelofeyad te fè pitit fi ase. 16 Maka, madan Maki, fè yon
pitit gason. Li rele l' Perès. Frè Perès la te rele Serès.
Serès te gen de pitit gason: Oulam ak Rekèm. 17 Oulam
fè yon pitit gason yo te rele Bedan. Yo tout te pitit Galarad,
ki te pitit Maki, ki li menm te pitit Manase. 18 Sè Maki a
te rele Amolekèt. Li fè twa pitit gason: Ichòd, Abyezè ak
Makla. 19 Men pitit Chemida yo: se te Akcham, Sichèm,
Liki ak Anyam. 20 Efrayim te papa Soutelak ki te papa
Berèd. Berèd te papa Taka ki te papa Elada. Elada te
papa Taka 21 ki te papa Zabad. Zabad te papa Soutelak.
Efrayim te gen de lòt pitit gason: Ezè ak Elad. Men, moun
ki rete nan zòn Gad la touye yo paske yo te vin vòlò
mouton yo. 22 Lè sa a, Efrayim, papa yo, te pran lapenn
pou yo pandan lontan. Se fanmi l' yo ki vin ba l' kouraj.
23 Apre sa, li al kouche ak madanm li. Madanm lan vin
ansent, li fè yon pitit gason, li rele l' Berya paske malè te
tonbe sou kay la. 24 Chera, pitit fi Berya a, bati Bètowon
anba ak Bètowon anwo. Se li ki bati Ouzennchera tou. 25
Berya te papa Refak ki te papa Rechèf. Rechèf te papa
Tela ki te papa Takan. 26 Takan te papa Layedan ki te
papa Amiyoud. Amiyoud te papa Elichama 27 ki te papa
Noun. Noun te papa Jozye. 28 Pòsyon tè yo te ba yo pou
yo te rete a se zòn lavil Betèl ak tout ti bouk ki sou lòd li
yo, rive lavil Naaran sou bò solèy leve, lavil Gezè ak tout
ti bouk ki sou lòd li yo sou bò solèy kouche, ak zòn lavil
Sichèm jouk lavil Aja ak tout ti bouk ki sou lòd li yo. 29
Moun Manase yo te kontwole lavil Bèt Chean ak tout ti
bouk ki sou lòd li yo, lavil Tanak ak tout ti bouk ki sou lòd
li yo, lavil Megido ak tout ti bouk ki sou lòd li yo, ak lavil
Dò ak tout ti bouk ki sou lòd li yo. Se nan lavil sa yo moun
branch fanmi Jozèf, pitit Jakòb la, t'ap viv. 30 Asè te gen
kat pitit gason: Imna, Ichva, Ichvi, Berya ak yon pitit fi ki te
rele Sera. 31 Berya te gen de pitit gason: Ebè ak Malkyèl.
Se Malkyèl sa a ki te tabli lavil Bizayit. 32 Ebè te gen twa
pitit gason: Jaflè, Chomè, Otam ak yon pitit fi yon te rele
Chwa. 33 Jaflè te gen twa pitit gason tou: Pasak, Bimal
ak Achvat. 34 Chomè, frè Jaflè a, te gen twa pitit gason
tou: Wogach, Wouba ak Aram. 35 Otam, lòt frè li a, te
gen kat pitit gason: Zofa, Imna, Chelèk ak Amal. 36 Men
pitit Zofa yo: Swa, Anefè, Chwal, Beri, Imra, 37 Bezè,
Wòd, Chama, Chilcha, Jitran, Bera. 38 Men pitit Jezè yo:
Jefounè, Pispa ak Ara. 39 Men pitit Oula yo: Ara, Anyèl
ak Rizya. 40 Tout moun sa yo te moun branch fanmi Asè.
Yo tout te chèf fanmi, vanyan sòlda, grannèg. Dapre rejis
fanmi yo, te gen vennsimil (26.000) gason ki te gen laj
pou fè sèvis lame, epi ki te bon pou fè lagè.

8 Benjamen te gen senk pitit gason. Pi gran an te
rele Bela, dezyèm lan Achbèl, twazyèm lan Akra, 2
katriyèm lan Nora, senkyèm lan Rafa. 3 Men non pitit
Bela yo: Ada, Gera, Abiyoud, 4 Abichwa, Naaman, Akora,
5 Gera, Chefoufan ak Ouram. 6 Men non pitit Eyoud yo:
Naaman, Ajija ak Gera. Yo te chèf branch fanmi ki t'ap viv
nan zòn Geba a. Apre sa, yo mete yo deyò, y' al rete
Manarat. 7 Se Gera, papa Ouza ak Akiyoud, ki te mennen
yo al rete Manarat la. 8 Charayim divòse ak de madanm li
yo: Ouchim ak Bara. Apre sa, li al rete nan peyi Moab, 9 li
marye ak Odèch ki ba li sèt pitit gason: Jobab, Zibya,
Mecha, Malkam, 10 Jeou, Sakya, Mima. Tout pitit gason l'
yo te chèf fanmi. 11 Li te gen de lòt pitit gason Ouchim te
fè pou li: Abitoub ak Elpal. 12 Elpal te gen twa pitit gason:
Ebè, Micham ak Chèmèd. Se Chèmèd sa a ki te bati lavil
Ono ak lavil Lòd ansanm ak tout ti bouk ki te sou kont li
yo. 13 Berya ak Chema te chèf fanmi moun ki te rete lavil
Ajalon. Se yo ki te mete ansyen moun ki te rete lavil Gat
yo deyò. 14 Men pitit Berya yo: Akio, Chachak, Jeremòt,
15 Zebadya, Arad, Edè, 16 Michayèl, Ichpa ak Joa. 17
Men non pitit Elpal yo: Zebadya, Mechoulam, Izki, Ebè,
18 Ichmerayi, Izlija ak Jobab. 19 Men pitit Chimèyi yo:
Jakim, Zikri, Zabdi, 20 Elyenayi, Ziltayi, Eliyèl, 21 Adaja,
Beraja ak Chimrat. 22 Men pitit Chachak yo: Ichpan,
Ebè, Eliyèl, 23 Abdon, Zikri, Anan, 24 Ananya, Elam,
Antotija, 25 Ifdeja ak Penwèl. 26 Men pitit Jeworam yo:
Chamcherayi, Chearya, Atalya, 27 Jarechya, Elija ak Zikri.
28 Chak mesye sa yo te chèf fanmi yo. Yo te rete lavil
Jerizalèm. 29 Jeyèl te bati lavil Gabawon kote li te rete.
Madanm li te rele Maaka. 30 Premye pitit gason l' lan te
rele Abdon. Lòt pitit li yo te rele Zou, Kich, Nè, Nadab, 31
Gedò, Akio, Zekè 32 ak Miklòt ki te papa Chimea. Pitit
moun sa yo te rete lavil Jerizalèm bò kote moun ki te
menm branch fanmi ak yo. 33 Nè te papa Kich ki te papa
Sayil. Sayil te gen kat pitit gason: Jonatan, Malchichwa,
Abinadab ak Echbaal. 34 Jonatan te papa Meribaal ki te
papa Mika. 35 Mika te gen kat pitit gason: Piton, Melèk,
Tarea ak Akaz. 36 Akaz te papa Jeojada ki te gen twa pitit
gason: Alemèt, Azmavèt ak Zimri. Zimri te papa Moza.
37 Moza te papa Binea ki te papa Rafad. Rafad te papa
Eleaza ki te papa Azèl. 38 Azèl te gen sis pitit gason.
Se te Azrikam, Bokwou, Ichmayèl, Chearya, Obadya ak
Anan. 39 Echèk, frè Azèl la, te gen twa pitit gason: Oulam,
Jeouch ak Elifelèt. 40 Pitit gason Oulam yo te vanyan
sòlda ki te gen anpil ladrès nan sèvi ak banza. Yo te gen
sansenkant (150) pitit ak pitit pitit antou. Tout moun sa yo
te fè pati branch fanmi Benjamen an.

9 Se konsa yo te make non tout moun pep Izrayèl yo
dapre fanmi yo nan liv wa Izrayèl yo. Yo te depòte
moun peyi Jida yo lavil Babilòn paske yo pa t' fè volonte
Bondye. 2 Premye moun nan pèp Izrayèl la ki te tounen
vin rete sou tè yo ak nan lavil yo se te prèt yo, moun Levi
yo ak moun k'ap travay nan Tanp lan. 3 Se lavil Jerizalèm
moun nan branch fanmi Jida, moun nan branch fanmi
Benjamen, moun nan branch fanmi Efrayim ak moun nan
branch fanmi Manase, yo tout al rete. 4 Nan moun Jida
yo te gen Outayi, pitit gason Amiyoud. Amiyoub sa a
te pitit Omri, Omri te pitit Imri, Imri te pitit gason Bani,
Bani te soti nan fanmi Perèz, pitit Jida. 5 Nan fanmi
Chela a te gen Asaja ki te chèf fanmi an. 6 Nan fanmi
Zerak la te gen Jeoujèl ki te chèf fanmi an. Sa te fè antou
sisankatrevendis (690) moun nan fanmi Jida a ki te rete
lavil Jerizalèm. 7 Nan moun fanmi Benjamen yo te gen

Salou, pitit gason Mechoulam, ki te pitit gason Odavya, ki li menm te pitit gason Asenwa. **8** Te gen Jibneja, pitit gason Jeworam, Ela, pitit gason Ouzi, pitit pitit Mikri, ak Mechoulam, pitit Chepatya, ki te pitit Reouyèl, pitit pitit Jibniya. **9** Sa te fè antou nèfsansenkannsis (956) moun nan fanmi Benjamen an ki te rete lavil Jerizalèm. Yo tout te chèf fanmi yo. **10** Men prèt ki t'ap viv nan lavil la. Te gen Jedaja, Jeojarib, Jaken, **11** Azarya, pitit Ilkija. Ilkija sa a te pitit Mechoulam, Mechoulam te pitit Zadòk, Zadòk te pitit Merajòt, Merajòt te pitit Achitoub. Se li menm Achitoub sa a ki te chèf nan tanp Bondye a. **12** Lèfini, te gen Adaja, pitit gason Jeworam. Jeworam sa a te pitit Pachou ki te pitit Malkija. Te gen ankò Masayi, pitit Adyèl. Adyèl sa a te pitit Jazera, Jazera te pitit Mechoulam, Mechoulam te pitit Mechilemit, Mechilemit te pitit Ime. **13** Prèt sa yo ak fanmi yo te fè antou milsètsanswasant (1.760) moun ki te chèf fanmi, vanyan gason ki te bon pou sèvis kay Bondye a. **14** Men moun Levi ki te rete nan lavil la. Te gen Chemaja, pitit gason Achoub. Achoub sa a te pitit Azrikam, Azrikam te pitit Achabya, nan branch fanmi Merari a. **15** Te gen Bakbaka, Erès, Galal ak Matanya. Matanya sa a te pitit Mika. Mika te pitit Zikri, Zikri li menm te pitit Asaf. **16** Te gen Obadya, pitit Chemaya. Chemaya sa a te pitit Galal, Galal te pitit Jedoutoun. Pou fini, te gen Berekya, pitit Asa, ki te pitit Elkana ki te rete nan ti bouk moun Netofa yo. **17** Men gad ki t'ap fè pòs nan pòtay Tanp lan. Se te Chaloum, Akoub, Talmon, Akiman ak lòt fanmi yo. Se Chaloum ki te chèf yo. **18** Jouk jounen jòdi a se yo k'ap fè pòs nan Pòtay Wa ki bay sou bò solèy leve a, kote pou wa a pase a. Nan tan lontan, se yo menm ki te konn fè pòs nan Pòtay Kay moun Levi yo. **19** Chaloum, pitit Kore, pitit pitit Ebyazaf nan branch fanmi Kore a, ansanm ak lòt moun nan fanmi Kore a te reskonsab veye pòtay pou antre nan kote ki apa pou Seyè a, tankou zansèt yo te fè l' anvan sa lè yo t'ap veye Pòtay kan Seyè a. **20** Yon lè se Fineas, pitit Eleaza a, ki te chèf yo. Seyè a te toujou kanpe avè l'. **21** Zakari, pitit Mechelemya, te gad nan pòtay Tant Randevou a tou. **22** Antou te gen desandouz (212) gason yo te chwazi pou fè pòs nan pòtay tanp lan, dapre liv rejis fanmi yo nan ti bouk kote yo moun. Se wa David ak pwofèt Samyèl ki te bay zansèt yo reskonsablite sa a pou tout tan. **23** Se konsa, yo menm ak pitit yo yo toujou ap fè pòs nan pòtay Tanp lan, nan pòtay Tant Randevou a. **24** Te gen kat pòtay ki te bay sou kat bòn direksyon yo: lès, lwès, nò ak sid. Pou chak pòtay te gen yon chèf gad. **25** Fanmi yo ki te rete nan ti bouk yo te vin ede yo nan travay la pandan sèt jou, yonn apre lòt. **26** Men, kat chèf gad yo te toujou la desèvis. Se moun fanmi Levi yo te ye. Se yo ki te reskonsab tout pyès chanm ansanm ak tout trezò ki te la nan Tanp lan. **27** Yo te rete pase nwit yo toupre Tanp lan, paske se yo ki te reskonsab veye l'. Lèfini, chak maten se yo ki pou te louvri pòtay yo. **28** Te gen lòt moun Levi ki te reskonsab tout veso yo sèvi pou fè seremoni yo. Se pou yo te kontwole yo ni anvan ni apre chak seremoni yo. **29** Te gen lòt moun Levi ki te reskonsab tout rès bagay ki te nan Tanp lan ansanm ak farin frans, diven, lwil oliv, lansan ak odè yo. **30** Men, se prèt yo ki te reskonsab pare odè yo. **31** Se yon moun Levi yo te rele Matitya, premye pitit Chaloum nan fanmi Kore a, ki te toujou reskonsab fè gato pou ofrann yo. **32** Lòt moun Levi nan fanmi Keyat la te reskonsab pare pen pou yo te mete chak jou repo nan Tanp lan. **33** Genyen nan fanmi Levi yo ki te sanba. Chèf fanmi sa yo te viv nan pyès chanm ki te nan Tanp lan. Yo pa t' gen lòt okipasyon pase lajounen kou lannwit yo t'ap fè travay yo. **34** Tout mesye sa yo te chèf fanmi moun Levi yo, dapre zansèt yo rive jòdi a. Yo te rete lavil Jerizalèm. **35** Jeyèl te bati lavil Gabawon kote li te rete. Madanm li te rele Maaka. **36** Premye pitit gason l' lan te rele Abdon. Lòt pitit li yo te rele Zou, Kich, Baal, Nè, Nadak, **37** Gedò, Akio, Zèkè ak Miklòt. **38** Se Miklòt sa a ki te papa Chimeam. Pitit moun sa yo te rete lavil Jerizalèm bò kote moun ki te menm branch fanmi ak yo. **39** Nè te papa Kich ki te papa Sayil. Sayil te gen kat pitit gason: Jonatan, Malchichwa, Abinadab ak Echbaal. **40** Jonatan te papa Meribaal ki te papa Mika. **41** Mika te gen kat pitit gason: Piton, Melèk, Tarea ak Akaz. **42** Akaz te papa Jeojada ki te gen twa pitit gason: Alemèt, Azmavèt ak Zimri. Zimri te papa Moza. **43** Moza te papa Binea ki te papa Rafad. Rafad te papa Eleaza ki te papa Azèl. **44** Azèl te gen sis pitit gason. Se te Azrikam, Bokewou, Ichmayèl, Chearya, Obadya ak Anan, Se non pitit gason Azèl yo sa.

10 Moun Filisti yo leve yon sèl batay ak moun pèp Izrayèl yo sou mòn Gilboa. Anpil nan moun pèp Izrayèl yo te mouri, rès yo te kouri met deyò. **2** Moun Filisti yo rive sou Sayil ak pitit gason l' yo. Yo touye Jonatan, Abinadab ak Malchichwa frèt. **3** Batay la te mangonmen kote Sayil te ye a. Mesye ki t'ap voye flèch nan banza yo te konmanse ap vize sou li. Lè li wè sa, li pran tranble. **4** Li rele gad kò ki t'ap pote zam li yo, li di l' konsa: - Rale nepe ou, touye m' pou bann moun sa yo ki pa sèvi Bondye pa gen tan rive sou mwen pou yo pase m' nan betiz. Men, gad kò a pa t' vle paske li te pè anpil. Lè sa a, Sayil pran nepe a, li vire l' tèt anba, li lage kò l' sou li. **5** Lè gad kò a wè Sayil te mouri, li fè menm bagay la tou, li lage kò l' sou nepe pa li a, li mouri ansanm ak Sayil. **6** Se konsa, ni Sayil ni twa pitit gason l' yo te mouri. Jou sa a, tout mesye Sayil yo te mouri. **7** Moun pèp Izrayèl yo ki te rete nan fon an te wè sòlda pèp Izrayèl yo kouri epi Sayil ak pitit gason l' yo mouri. Lè sa a, yo leve kite lavil kote yo te rete yo, yo met deyò. Moun Filisti yo vini, yo pran lavil yo pou yo. **8** Nan denmen apre batay la, moun Filisti yo tounen pou pran zam ki te sou kadav sòlda mouri yo, yo jwenn kadav Sayil ak kadav twa pitit gason l' yo kouche atè sou mòn Gilboa a. **9** Yo koupe tèt Sayil, yo pran tout zam li yo. Lèfini, yo voye gaye bon nouvèl sa a nan tout peyi Filisti a, nan tanp zidòl yo ak nan zòrèy tout pèp la. **10** Yo mete zam Sayil yo nan tanp Astate, zidòl yo a. Epi yo pran tèt li, yo kloure l' nan tanp Dagon an. **11** Lè moun lavil Jabès yo, nan peyi Galarad, vin konnen sa moun

Filisti yo te fè Sayil, 12 tout mesye ki te brave danje yo
leve, y' al pran kadav Sayil la ansanm ak kadav pitit gason
l' yo, yo tounen ak yo lavil Jabès. Yo antere zosman yo
anba pye tonmaren ki nan lavil Jabès la. Apre sa, yo pase
sèt jou san manje. 13 Se konsa Sayil mouri paske li pa t'
kenbe pawòl li ak Seyè a. Li pa t' obeyi lòd Seyè a te ba
li. Li te pito fè yo rele nanm moun mouri pou l' te konnen
sa ki tapral rive l', 14 pase pou l' te al mande Seyè a sa.
Se poutèt sa Seyè a te touye l', li renmèt gouvènman an
nan men David, pitit Izayi a.

11 Tout branch fanmi Izrayèl yo vin jwenn David lavil
Ebwon, yo di l' konsa: -Nou se moun menm ras,
menm fanmi avè ou. 2 Depi lontan, menm sou rèy wa
Sayil, se ou menm ki te kòmande lame pèp Izrayèl la kote
l' ale. Lèfini ankò, Seyè a, Bondye ou la, te pwomèt se
ou menm ki pral gouvènen pèp li a, pèp Izrayèl la. Se
ou menm ki pral chèf yo. 3 Se konsa, tout chèf fanmi
pèp Izrayèl yo vin jwenn David lavil Ebwon. Yo pase yon
kontra avè l' devan Seyè a. Yo fè seremoni, yo mete l' wa
sou pèp Izrayèl la tou, jan Seyè a te fè pwomès la nan
bouch pwofèt Samyèl. 4 David mache sou lavil Jerizalèm
ansanm ak tout moun pèp Izrayèl yo. Lè sa a, lavil la te
rele Jebis. Se moun Jebis yo, premye moun ki te rete
nan peyi a, ki t'ap viv la toujou. 5 Moun Jebis yo te di
David: Ou p'ap janm ka rive antre nan lavil nou an. Men
David pran gwo fò ki te sou tèt mòn Siyon an. Se li yo rele
lavil David la. 6 David pou tèt pa l' te di premye moun ki
va atake moun Jebis yo, l'ap mete l' chèf, moun sa a ap
grannèg nan gouvènman l' lan. Joab, pitit gason Sewouya
a, te premye moun ki atake. Se konsa li vin chèf. 7 Apre
sa, David al rete nan fò a. Se poutèt sa yo rele l' lavil
David la. 8 Lèfini, li bati lòt kay fè wonn fò a, depi sou
teras la rive bò palè a. Joab menm rebati rès lavil la.
9 Chak jou David t'ap vin pi fò. Seyè a, Bondye ki gen
tout pouvwa a, te kanpe avè l'. 10 Men non chèf vanyan
sòlda David yo. Se yo ki te soutni gouvènman David la
ansanm ak tout pèp Izrayèl la pou l' te ka wa, jan Seyè
a te pwomèt moun Izrayèl yo sa. 11 Pou konmanse, te
gen Jakobeyam ki soti nan branch fanmi Akmoni an. Se li
menm ki te chèf twa pi vanyan yo. Pou kont li, li batay ak
twasan (300) moun ak frenn li ase. Li touye yo tout yon
sèl kou. 12 Dezyèm lan te rele Eleaza, pitit gason Dodo,
pitit yon moun lavil Akwo. Se te yonn nan twa pi vanyan
yo. 13 Li te avèk David lè David t'ap goumen ak moun
Filisti yo nan batay bò Pasdamen an. Li te nan yon jaden
lòj lè sòlda pèp Izrayèl yo konmanse kouri devan moun
Filisti yo. 14 Se konsa, li menm ak sòlda li yo, yo tout rete
kanpe nan mitan jaden lòj la, yo kenbe tèt ak moun Filisti
yo, yo bat yo byen bat, yo kraze yo. Se konsa Seyè a te
fè yo genyen batay la sou lènmi yo. 15 Yon lòt jou, nan
sezon rekòt, twa nan gwoup Trant yo al jwenn David nan
gwòt Adoulam lan. Lame moun Filisti yo te moute kan yo
nan plenn moun Refayim yo. 16 Lè sa a, David te nan
fò a. Yon gwoup moun Filisti te pran lavil Betleyèm. 17
Yon sèl anvi pran David, li di konsa: -Ki moun ki va fè m'
bwè ti gout dlo nan pi ki nan pòtay lavil Betleyèm lan? 18
Lamenm twa mesye yo desann, yo fofile kò yo nan mitan
moun Filisti yo, yo pran dlo nan pi ki te nan pòtay lavil
Betleyèm lan, yo pote l' vin bay David. Men, David refize
bwè dlo a. Li vide l' atè, li ofri l' bay Seyè a. 19 Li di konsa:
-Seyè, mwen pa gen dwa bwè dlo sa a. Se tankou si m' ta
bwè san mesye sa yo ki riske lavi yo pou y' al chache l'.
Se konsa, li derefize bwè dlo a. Se sa twa vanyan gason
sa yo te fè. 20 Abichayi, frè Joab, te chèf trant vanyan
yo. Pou kont li, avèk yon frenn nan men l', li goumen ak
twasan (300) moun, li touye yo. Se konsa, tout moun t'ap
nonmen non l' nan gwoup Trant vanyan yo. 21 Se li menm
ki te resevwa plis lwanj nan Trant vanyan yo. Apre sa, li
vin chèf yo. Men, li pa janm rive fè sa twa pi vanyan yo te
fè. 22 Benaja, pitit gason Jeojada a, moun lavil Kabseyèl,
te pitit pitit yon vanyan sòlda. Li te fè anpil bagay ki fè wè
li pa t' manke kouraj. Se li menm ki te touye de pitit Ariyèl
yo, moun lavil Moab. Yon jou, lanèj t'ap tonbe, li desann
nan yon sitèn dlo al touye yon lyon. 23 Li touye tou yon
moun peyi Lejip, yon gwo potorik gason sèt pye sis pous
wotè, ki te gen yon gwo frenn nan men li. Frenn lan te gen
yon manch menm gwosè ak yon gwo mach pilon. Benaja
menm al atake li ak yon baton ase. Li wete lans lan nan
men moun peyi Lejip la, epi li touye l' avè l'. 24 Men sa
Benaja, pitit gason Jeojada a, te fè. Se konsa, tout moun
t'ap nonmen non l' nan gwoup Trant Vanyan yo. 25 Se non
li yo t'ap nonmen pi plis nan Trant Vanyan yo. Apre sa, li
vin chèf yo. Men, li pa t' janm rive fè sa twa pi vanyan
yo te fè. David te mete l' nan gad kò li. 26 Men non lòt
vanyan sòlda yo: Asayèl, frè Joab la, Elanan, pitit gason
Dodo, moun lavil Betleyèm. 27 Chamòt, moun lavil Awòd,
Elèz, moun lavil Palon, 28 Ira, pitit gason Ikèch, moun
lavil Tekoa, Abyezè, moun lavil Anatòt, 29 Sibekayi, moun
lavil Oucha, Ilayi, moun lavil Awoya, 30 Marayi, moun lavil
Netofa, Elèb, pitit gason Bana, moun lavil Netofa, 31 Itayi,
pitit gason Ribayi, moun lavil Gibeya nan pòsyon tè ki pou
branch fanmi Benjamen yo, Benaja, moun lavil Piraton,
32 Ourayi, moun ravin Gach yo, Abiyèl, moun lavil Araba,
33 Azmavèt, moun lavil Baawoum, Elyaba, moun lavil
Chalbon, 34 Pitit gason Achèm yo, moun lavil Gizon,
Jonatan, pitit gason Chage, moun lavil Ara, 35 Akiyam,
pitit gason Saka, moun lavil Ara, Elifal, pitit gason Our, 36
Efè, moun lavil Mekera, Akija, moun lavil Palon, 37 Ezwo,
moun lavil Kamèl, Narayi, pitit gason Esbayi, 38 Joèl, frè
Natan an, Mibka, pitit gason Agri, 39 Zelèk, moun lavil
Amon, Nakarayi, moun lavil Bewòt. Se li menm ki te pote
zam Joab, pitit gason Sewouya a. 40 Ira ak Garèb, nan
fanmi Jetè a, 41 Ouri, moun lavil Et la, Zabad, pitit Aklayi,
42 Adina, pitit Siza, yon chèf nan branch fanmi Woubenn
lan, ak yon gwoup trant moun avè l'. 43 Anan, pitit gason
Maka, Jozafa, moun lavil Mitni, 44 Ouzya, moun lavil
Astawòt, Sama ak Jeyèl, pitit gason Otam, moun lavil
Awoyè. 45 Jedyayèl ak Joa, frè li, tou de pitit gason
Chimri, moun lavil Tiz. 46 Eliyèl, moun lavil Manayim,

Jeribayi ak Josavya, pitit gason Elnam, Jitma, moun lavil
Moab, 47 Eliyèl, Obèd ak Jasiyèl, moun lavil Soba.

12 Lè David t'ap viv lavil Ziklag kote li te al kache pou
Sayil, pitit gason Kich la, pa jwenn li, yon bann
vanyan sòlda te vin jwenn li la pou ba l' konkou nan lagè
a. 2 Yo tout te gen banza. Yo te gen ladrès pou voye
wòch ak pou tire flèch ni ak men gòch ni ak men dwat. Se
te moun branch fanmi Benjamen yo te ye tankou Sayil.
3 Alatèt yo te gen Akyezè ak Joas, pitit gason Chema,
moun lavil Gibeya, Jezyèl ak Pelèt, pitit gason Azmavèt,
Beraka ak Jeou, moun lavil Anatòt, 4 Jismaja, moun lavil
Gabawon, yonn nan trant vanyan sòlda yo ak yonn nan
chèf yo, Jeremi, Jakazyèl, Joanan ak Jozabad, moun
lavil Gedera. 5 Elouzayi, Jerimòt, Bealya, Chemarya ak
Chefatya, moun lavil Awòf, 6 Elkana, Jichija, Azariyèl,
Joezè ak Jakobeyam, nan branch fanmi Kore a. 7 Joela
ak Zebadya, pitit gason Jewokam, moun lavil Gedò. 8
Konsa tou, nan branch fanmi Gad la, te gen moun ki te
pati al jwenn David lè li te nan fò nan dezè a. Se te yon
bann vanyan sòlda ki te gen ladrès nan fè lagè. Yo tout te
gen plak pwotèj ak frenn. Yo te move tankou lyon, yo te
konn kouri tankou kabrit nan mòn. 9 Premye a te rele Ezè,
dezyèm lan Obadya, twazyèm lan Eliyab, 10 katriyèm
lan Michmana, senkyèm lan Jeremi, 11 sizyèm lan Atayi,
setyèm lan Eliyèl, 12 wityèm lan Jokanan, nevyèm lan
Elzabad, 13 dizyèm lan Jeremi, onzyèm lan Makbanayi.
14 Mesye branch fanmi Gad yo te chèf nan lame a. Pi piti
ladan yo a te vo san (100) sòlda, pi gran an te vo mil
(1000) sòlda. 15 Se yo menm ki te janbe lòt bò larivyè
Jouden an yon lè larivyè a t'ap desann nan premye mwa
lanne a. Lèfini, yo fè tout moun ki te rete nan fon yo mete
deyò, ni sou bò solèy leve, ni sou bò solèy kouche. 16
Nan branch fanmi Benjamen ak branch fanmi Jida yo te
gen moun ki te vin jwenn David jouk nan fò kote l' te
kache a. 17 David soti al kontre yo, li di yo: -Si se an
zanmi nou vini pou ede m', m' byen kontan nou vin jwenn
mwen. Men, si se pou nou trayi m' bay moun ki pa vle wè
m' yo, mwen menm mwen konnen mwen pa fè ankenn
mechanste, mwen lapriyè Bondye ak tout kè m'. Bondye
zansèt nou yo va wè sa, se li ki va pini nou. 18 Lè sa a,
lespri Bondye desann sou Amasayi, chèf trant vanyan yo,
li di byen fò: -Nou la avè ou, David! Nou kanpe avè ou,
pitit Izayi! Kè poze pou ou ak pou moun k'ap ede ou yo!
Paske Bondye te pote ou sekou! Lè sa a, David resevwa
yo, li mete yo chèf nan lame li a. 19 Nan branch fanmi
Manase a, te gen moun ki te vin jwenn David lè li te mete
tèt ansanm ak moun Filisti yo pou goumen ak Sayil. Men,
lè sa a, David pa t' bay moun Filisti yo ankenn konkou. Lè
gwo chèf moun Filisti yo reyini pou koze sou zafè a, yo te
pran desizyon di l' non mèsi, paske yo t'ap di li ta ka vann
yo pou li te ka byen anko ak Sayil, mèt li. 20 Men moun
nan branch fanmi Manase a ki te vin mete tèt ansanm ak
David apre li te tounen lavil Ziglag. Se te Adnak, Jozabad,
Jedyayèl, Mikayèl, Jozabad, Eliyou ak Siltayi, ki te chèf
rejiman mil sòlda laba nan peyi Manase. 21 Se yo menm
ki te ede David ansanm ak lame a, paske se te yon bann
vanyan sòlda. Apre sa, yo te gwo chèf nan lame a. 22 Se
chak jou moun t'ap vin jwenn David pou ede l'. Se konsa li
vin gen yon gwo lame ak anpil anpil moun ladan l'. 23 Men
kantite moun avèk zam pou fè lagè ki te vin jwenn David
lavil Ebwon pou renmèt li gouvènman an nan plas Sayil,
jan Seyè a te bay lòd la. 24 Nan branch fanmi Jida a,
similwisan (6.800) gason avèk plak pwotèj yo ak frenn yo,
tout byen pare pou fè lagè. 25 Nan branch fanmi Simeyon
an, sètmilsan (7.100) vanyan sòlda byen pare pou fè lagè.
26 Nan branch fanmi Levi a, katmilsisan (4.600), 27 plis
twamilsètsan (3.700) nan fanmi Mawon an ak Jeojada
alatèt yo. 28 Te gen Zadòk tou, yon jenn vanyan gason
ak vennde lòt chèf nan fanmi li. 29 Nan branch fanmi
Benjamen an, fanmi Sayil la menm, twamil (3.000) gason.
Pifò nan moun fanmi Benjamen yo te kanpe toujou avèk
Sayil. 30 Nan branch fanmi Efrayim lan, venmilwisan
(20.800) vanyan sòlda. Tout moun t'ap nonmen non yo
nan fanmi yo. 31 Nan mwatye branch fanmi Manase a,
dizwimil (18.000) gason yo te chwazi pou al mete David
wa sou fotèy la. 32 Nan branch fanmi Isaka a, moun ki te
fò nan konnen sa pou pèp Izrayèl la fè ak lè pou yo fè l',
desan (200) chèf ansanm ak tout gason nan branch fanmi
an ki te sou kòmandman yo. 33 Nan branch fanmi Zabilon
an, senkantmil (50.000) sòlda ki konn mache fè lagè avèk
tout kalite zam, epi ki te soti pou ede David ak tout kè yo.
34 Nan branch fanmi Neftali a, mil (1000) chèf ansanm
ak trannsètmil (37.000) gason ak plak pwotèj ak frenn.
35 Nan branch fanmi Dann lan ventwimilsisan (28.600)
sòlda. 36 Nan branch fanmi Asè a, karantmil (40.000)
sòlda ki konn mache fè lagè. 37 Lèfini, nan branch fanmi
Woubenn lan, nan branch fanmi Gad la, ak nan mwatye
branch fanmi Manase a ki te lòt bò larivyè Jouden an te
gen sanvenmil (120.000) gason ak tout kalite zam. 38 Tout
sòlda sa yo, ki te tou pare pou fè lagè, te vin jwenn David
lavil Ebwon ak tout kè yo. Yo te soti pou yo te fè l' wa sou
tout peyi Izrayèl la. Tout rès pèp Izrayèl la te vini ak menm
lide a tou: fè David wa. 39 Yo pase twa jou la ansanm ak
David, yo t'ap manje, yo t'ap bwè, paske moun Izrayèl
parèy yo te pare tout bagay pou yo. 40 Lèfini, moun soti
nan tout vwazinaj la, jouk nan peyi Isaka, peyi Zabilon ak
peyi Neftali, yo pote manje sou bourik, sou chamo, sou
milèt ak sou bèf. Te gen pwovizyon farin frans, gato, fig
frans, grap rezen chèch, diven, lwil ak kantite bèf, mouton
ak kabrit. Tout pèp Izrayèl la t'ap fè fèt nan tout peyi a.

13 David reyini tout chèf lamè a, ni sa ki te alatèt
rejiman mil (1000) sòlda yo ni sa ki te alatèt divizyon
san sòlda yo, li pran konsèy nan men yo. 2 Lèfini, David
di pèp Izrayèl la: -Si nou wè se yon bon lide, si se volonte
Seyè a, Bondye nou an, nou pral voye misyon bay tout frè
nou yo ki rete toupatou nan tout peyi a, bay tout prèt yo
ak tout moun Levi yo nan lavil kote yo rete ak nan savann
kote yo fè gadinaj, pou yo vin mete tèt yo ansanm ak nou,
3 pou n' al chache Bwat Kontra Bondye nou an, paske
nou te bliye l' pandan tout rèy Sayil la. 4 Tout pèp la te

dakò pou yo te fè sa, paske yo wè se te yon bon lide. **5** Se konsa, David reyini tout pèp Izrayèl la nan tout peyi a, depi kannal Sikò sou fwontyè ak peyi Lejip la rive jouk Pas Amat la, pou y' al chache Bwat Kontra a lavil Kiriyat-Jarim. **6** Se konsa li pati avèk tout pèp Izrayèl la, pou lavil Kiriyat-Jarim yo te rele Baala tou, nan peyi Jida, pou y' al chache Bwat Kontra Bondye a, bwat ki pote non Seyè ki gen tout pouvwa a, Seyè ki gen fotèy li anwo zanj cheriben yo. **7** Lè yo rive kay Abinadab, yo pran Bwat la, yo mete l' sou yon kabwa tou nèf. Ouza ak Akijo t'ap mennen kabwa a. **8** David ansanm ak tout moun Izrayèl yo menm t'ap danse ak tout nanm yo. Yo t'ap chante fè lwanj Seyè a, yo t'ap jwe gita ak bandjo, yo t'ap bat tanbouren ak senbal, yo t'ap kònen twonpèt. **9** Lè yo rive bò glasi Kidon an, bèf yo bite, yo manke tonbe. Ouza lonje men l' pou kenbe Bwat Kontra a. **10** Men, Seyè a move sou Ouza, li touye l' frèt, paske li pa t' dwe manyen Bwat Kontra a. Bondye touye l', Ouza mouri la menm devan Bondye. **11** David menm te fache dèske Seyè a te touye Ouza. Se konsa yo rele kote sa a Perèz-Ouza. Non sa a rete jouk jounen jòdi a. **12** Lè sa a, David vin pè Seyè a, li di konsa: -M' pa wè ki jan pou m' pran Bwat Kontra a avè m' koulye a! **13** Se konsa, li pran desizyon pa pote Bwat Kontra Seyè a lakay li nan lavil David. Li fè yo pote l' kay Obèd-Edon, yon moun lavil Gat. **14** Bwat la pase twa mwa lakay Obèd-Edon, Seyè a te beni fanmi Obèd-Edon ak tout bagay ki te pou yo.

14 Iram, wa lavil Tir la, delege kèk mesaje bò kote David ak yon chajman bwa sèd. Li voye tou kèk bòs mason ak bòs chapant pou bati yon palè pou li. **2** Lè sa a atò, David wè tout bon vre se Seyè a menm ki te mete l' wa pèp Izrayèl la, epi ki te fè tout bagay mache byen pou gouvènman li, akòz pèp Bondye a, pèp Izrayèl la. **3** Lè David te lavil Jerizalèm, li pran lòt madanm ki ba li lòt pitit gason ak lòt pitit fi. **4** Men non pitit David ki te fèt lavil Jerizalèm: Chamwa, Choba, Natan, Salomon, **5** Jibka, Elichwa, Elpelèt, **6** Noga, Nefèg, Jafya, **7** Elichama, Baalyada ak Elifelèt. **8** Lè moun Filisti yo vin konnen yo te mete David wa pou tout pèp Izrayèl la, yo tout yo leve pou y' al mete men sou li. Lè David li menm pran nouvèl la, li soti al kontre yo. **9** Moun Filisti yo rive, yo anvayi tout fon Refayim lan. **10** David pale ak Bondye, li mande l': -Eske se pou m' atake moun Filisti yo? Eske w'ap lage yo nan men m'? Seyè a reponn li: -Wi, atake yo. M'ap lage yo nan men ou. **11** David moute Baal Perazim, li kraze moun Filisti yo. Le sa a, David di: -Tankou yon lavalas, Bondye sèvi avè m' pou l' louvri yon pasaj nan mitan lènmi m' yo. Se poutèt sa yo rele kote sa a Baal Perazim. **12** Moun Filisti yo te kouri kite zidòl yo dèyè. David bay lòd pou yo boule yo nan dife. **13** Apre sa, moun Filisti yo tounen nan fon an ankò pou fè piyay. **14** David mande Bondye sa pou li fè. Bondye di li: -Pa atake yo pa devan bò isit la. Fè yon detou, pase pa dèyè yo. W'a atake yo bò pye gayak yo. **15** Lè w'a tande yon bri tankou bri pye yon moun k'ap mache sou tèt pyebwa yo, w'a fonse sou yo. Paske sa vle di se mwen menm Bondye k'ap pran devan ou pou bat lame moun Filisti yo. **16** David fè sa Seyè a te mande l' fè a. Yo bat lame moun Filisti yo, yo kouri dèyè yo depi lavil Geba rive lavil Gezè. **17** Se konsa toupatou yo t'ap nonmen non wa David. Seyè a te fè tout nasyon yo pè li.

15 David fè yo bati anpil kay pou li nan lavil David la. Li pare yon anplasman pou Bwat Kontra Bondye a, li moute yon gwo tant twal pou li. **2** Epi li di: -Se moun Levi yo ase ki pou pote Bwat Kontra Bondye a, paske se yo menm Seyè a te chwazi pou pote Bwat la, se yo li te chwazi pou sèvi l' pou tout tan. **3** Lèfini, li reyini tout pèp Izrayèl la lavil Jerizalèm pou yo pote Bwat Kontra a kote li te pare pou li a. **4** Apre sa, li voye chache tout moun nan ras fanmi Arawon yo ansanm ak moun Levi yo. **5** Nan branch fanmi Keyat la, te gen Ouryèl, chèf la, ak tout fanmi l' yo. Sa te fè antou sanven (120). **6** Nan branch fanmi Merari a, te gen Asaja, chèf la, ak tout fanmi l' yo. Sa te fè antou desanven (220). **7** Nan branch fanmi Gèchon an, te gen Joèl, chèf la, ak tout fanmi l' yo. Sa te fè antou santrant (130). **8** Nan branch fanmi Elizafan an, te gen Semaja, chèf la, ak tout fanmi l' yo. Sa te fè antou desan (200). **9** Nan branch fanmi Ebwon an, te gen Eliyèl, chèf la, ak tout fanmi l' yo. Sa te fè antou katreven. **10** Nan branch fanmi Ouzyèl la te gen Aminadad, chèf la, ak tout fanmi l' yo. Sa te fè antou sandouz (112). **11** David rele Zadòk ak Abyata, prèt yo, ansanm ak sis moun Levi: Ouryèl, Asaja, Joèl, Chemaja, Eliyèl ak Aminadad. **12** Li di yo: -Se nou menm ki chèf branch fanmi Levi yo. Mete nou nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye, nou menm ansanm ak tout moun nan fanmi nou, pou nou ka al pote Bwat Kontra Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, kote mwen fè pare pou li a. **13** Premye fwa a, nou pa t' la. Se poutèt sa Seyè a, Bondye nou an, te touye kèk nan nou paske nou pa t' fè l' jan nou te dwe fè l' la. **14** Se konsa, prèt yo ak moun Levi yo al mete yo nan kondisyon pou fè sèvis Bondye, pou yo te ka al pote Bwat Kontra Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la. **15** Yo mete Bwat la sou gwo travès long yo, yo leve l' mete l' sou zepòl yo, yo pote l' ale jan Moyiz te ba yo lòd fè l' la dapre pawòl Seyè a. **16** David bay chèf moun Levi yo lòd pou yo chwazi divès moun nan fanmi yo ki konn chante, pou yo vini ak enstriman mizik yo, gita, bandjo ak senbal, pou jwe mizik cho paske kè tout moun te kontan. **17** Moun Levi yo chwazi Eyman, pitit gason Joèl la, ansanm ak Asaf, pitit gason Berekya, yon fanmi Eyman, ak Etan, pitit gason Kouchaja nan branch fanmi Merari a, fanmi ak de lòt premye yo. **18** Apre sa, yo chwazi lòt moun Levi nan menm fanmi ak premye yo, pou ede yo nan travay yo. Se te Zakari, Aziyèl, Semiramòt, Jekiyèl, Ouni, Eliyab, Benaja, Maseja, Matitya, Elifeleou, Mikneja, ak de gad pòtay tanp lan, Obèd-Edon ak Jeyèl. **19** Eyman, Asaf ak Etan, sanba yo, te reskonsab pou bat senbal kwiv yo pou fè mizik. **20** Zakari, Aziyèl, Semiramòt, Jekiyèl, Ouni, Eliyab, Maseja ak Benaja t'ap jwe premye gita yo. **21** Matitya, Elifeleou, Mikneja, Obèd-Edon, Jeyèl ak Azazya

t'ap jwe gita bas. Se yo ki pou te bay kadans chante yo.
22 Se Kenanya, chèf moun Levi ki te reskonsab pote Bwat
la, ki t'ap dirije yo, paske li te fò nan fè travay konsa. 23 Se
Berekya ak Elkana ki t'ap pote Bwat Kontra a. 24 Men non
prèt yo te chwazi pou kònen twonpèt devan Bwat Kontra
a. Se te Chebanyas, Jozafa, Netaneyèl, Amasayi, Zakari,
Benaja ak Elyezè. Obèd-Edon ak Jebija te la pou pote
Bwat Kontra a tou. 25 Se konsa David ak tout chèf fanmi
pèp Izrayèl yo ansanm ak tout chèf rejiman mil sòlda yo
ale lakay Obèd-Edon, yo pran Bwat Kontra a pou yo pote
l' lavil Jerizalèm ak kè kontan. 26 Yo touye sèt towo ak sèt
belye pou Bondye te ka ede moun Levi ki t'ap pote Bwat
Kontra a. 27 David te gen yon rad fèt ak twal fin blan sou
li, menm jan ak tout moun Levi yo ki t'ap mache devan
Bwat Kontra a, sanba yo ak Kenaja ki t'ap dirije travay
transpò a. David te gen yon moso twal fin blan tou mare
nan ren li. 28 Se konsa, tout pèp Izrayèl la ale ansanm ak
Bwat Kontra Seyè a, yo pote l' lavil Jerizalèm. Yo t'ap rele,
yo t'ap fè fèt. Yo t'ap jwe klewon, twonpèt, senbal, gita ak
bandjo sou tout wout la. 29 Antan yo t'ap antre ak Bwat
Kontra a lavil Jerizalèm, Mikal, pitit fi Sayil la, te kanpe bò
yon fennèt ap gade. Li wè David ki t'ap danse fè laviwonn
devan Bwat la. Li vin pa gen yon san pou li ankò.

16 Yo pote Bwat Kontra Seyè a, yo mete l' nan plas
li nan tant David te moute pou li a. Apre sa, yo ofri
bèt pou boule nèt pou Bondye, ak ofrann pou di Bondye
mèsi. 2 Lè David fin fè ofrann sa yo, li beni pèp la nan
non Seyè a. 3 Li separe manje bay tout moun pèp Izrayèl
yo, fanm kou gason. Li bay yo chak yon pen, yon moso
vyann woti ak yon pen rezen. 4 David chwazi kèk moun
Levi pou reskonsab sèvis y'ap fè devan Bwat Kontra a
pou Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, pou adore l', pou di
l' mèsi, pou fè lwanj li. 5 Li mete Asaf chèf ak Zakari
pou vin apre li. Sou zòd yo te gen Aziyèl, Chemiramòt,
Jekiyèl, Matitya, Eliyab, Benaja, Obèd-Edon, Jeyèl pou
jwe enstriman mizik yo, gita ak bandjo. Asaf menm t'ap
bat senbal ki fè gwo bri yo. 6 Se Benaja ak Jaziyèl, prèt
yo, ki te pou kònen twonpèt devan Bwat Kontra Bondye a
tout tan. 7 Se lè sa a, pou premye fwa, David te bay Asaf
ak lòt moun Levi yo reskonsablite pou yo fè lwanj Seyè a.
8 Lwanj pou Seyè a! Fè konnen jan li gen pouvwa! Fè
nasyon yo konnen sa li fè! 9 Chante pou li! Fè lwanj li!
Rakonte tout bèl bagay li te fè yo. 10 Fè kè nou kontan,
paske nou se moun pa l'. Wi, se pou tout moun k'ap
sèvi Seyè a fè fèt. 11 Ale jwenn Seyè a pou l' ka ede
nou. Toujou chache rete devan li. 12 Chonje mirak ak bèl
bagay li te fè yo. Chonje jijman ki te soti nan bouch li, 13
Nou menm, pitit pitit Izrayèl, sèvitè Bondye a, Nou menm,
pitit pitit Jakòb yo, nou menm Bondye chwazi yo. 14 Seyè
a, se Bondye nou li ye. Lè li pase yon lòd, se pou tout
latè. 15 Toujou chonje kontra li a. L'ap kenbe pwomès li
pou tout tan tout tan. 16 Se kontra li te fè ak Abraram lan,
sèman li te fè bay Izarak la. 17 Sa li te pwomèt Abraram
lan, li fè l' tounen yon lwa pou pitit Jakòb yo, yon kontra
ak pèp Izrayèl la pou tout tan. 18 Li te di: M'ap ba ou
peyi Kanaran an pou pòsyon pa ou nan byen m' yo. 19
Lè sa a, pèp Bondye a pa t' anpil. Yo te sèlman yon ti
ponyen moun. Yo te tankou etranje toujou nan peyi a. 20
Yo t'ap mache ale vini nan tout nasyon yo. Yo t'ap soti
nan yon peyi ale nan yon lòt. 21 Men, li pa t' kite pesonn
maltrete yo. Li te menm rive pini anpil wa poutèt yo. 22 Li
te di: Piga nou manyen moun mwen chwazi yo. Piga nou
fè pwofèt mwen yo anyen. 23 Nou tout ki rete sou latè,
chante pou Seyè a! Chak jou, fè konnen jan li delivre nou.
24 Fè nasyon yo konnen pouvwa li. Fè tout pèp yo konnen
bèl bagay li fè yo. 25 Seyè a gen gwo pouvwa. Li merite
pou yo fè lwanj li vre. Se pou tout moun pè l' pi plis pase
lòt bondye yo. 26 Bondye lòt nasyon yo pa anyen, se
pòtre yo ye. Men, se Seyè a ki fè syèl la. 27 Devan li, se
respè, se chapo ba. Gen pouvwa, gen kè kontan kote l' ye
lakay li a. 28 Nou tout pèp ki sou latè, fè lwanj Seyè a! Fè
lwanj Seyè a pou pouvwa ak fòs li genyen! 29 Fè lwanj
Seyè a, paske li merite sa! Pote ofrann ba li anndan lakay
li! Adore Bondye nan bèl kay ki apa pou li a! 30 Nou tout
ki sou latè, tranble devan li. Latè kanpe fèm, anyen pa ka
brannen l'. 31 Se pou syèl la kontan, se pou latè a fè fèt.
Mache di nan tout peyi yo: Se Seyè a ki sèl wa. 32 Se pou
lanmè a ansanm ak tou sa ki ladan l' pran fè bri sitèlman
yo kontan. Se pou jaden yo ak tou sa ki ladan yo fè fèt. 33
Lè Seyè a parèt se pou tout pyebwa nan gwo rak yo rele
sitèlman yo kontan. Paske l'ap vini pou l' jije tout moun ki
sou latè. 34 Lwanj pou Seyè a paske li bon. Li p'ap janm
ispann renmen nou. 35 Se pou nou di: Delivre nou non,
Bondye delivrans nou! Fè nou soti nan tout peyi kote nou
gaye yo. Sanble nou, pou nou ka di ou mèsi pou tout
bagay ou menm sèl ka fè, pou nou ka kontan lè n'ap fè
lwanj ou. 36 Ann fè lwanj Seyè a, Bondye pèp Izrayèl
la! Ann fè lwanj li depi tout tan ak pou tout tan. Epi tout
pèp la pran reponn: -Wi, se vre! Lwanj pou Seyè a! 37
Lèfini, David kite Asaf ak moun Levi menm fanmi avè l'
yo devan Bwat Kontra Seyè a pou yo toujou reskonsab
tout sèvis ki pou fèt kote yo te mete Bwat Kontra a. Yo
te gen pou fè sèvis yo la chak jou san rete. 38 Obèd-
Edon ak swasantwit lòt moun nan fanmi li t'ap ede yo nan
travay yo. Osa ak Obèd-Edon, pitit gason Jeditoun lan, te
reskonsab pòtay yo. 39 Men David kite Zadòk, prèt la,
ak moun Levi menm fanmi avè l' yo ki te prèt tou devan
Tant Seyè a, nan kote yo te mete apa pou Seyè a lavil
Gabawon. 40 Chak maten, chak aswè, se yo ki pou boule
bèt yo ofri bay Seyè a nèt sou lotèl ki fèt pou sa a, dapre
sa ki ekri nan lalwa Seyè a te bay pèp Izrayèl la. 41 Te
gen avèk yo tou Eyman, Jedoutoun ansanm ak lòt moun
yo te chwazi tout espre pou chante: Lwanj pou Seyè a
paske li p'ap janm ispann renmen nou. 42 Eyman ak
Jedoutoun te gen twonpèt, senbal ki fè gwo bri yo ak lòt
enstriman mizik pou yo jwe antan yo t'ap chante fè lwanj
pou Bondye. Manm fanmi Jedoutoun yo te reskonsab
veye pòtay yo. 43 Apre sa, tout pèp la tounen lakay yo.
David tounen lakay li tou pou l' beni fanmi pa l' tou.

17 Wa David te byen chita nan palè li. Yon jou li fè rele
pwofèt Natan, li di l' konsa: -Gade! Mwen rete nan
yon kay bati ak bwa sèd, men Bwat Kontra Seyè a se
anba yon kay twal li ye. **2** Natan reponn li: -Tou sa ou gen
lide fè, ou mèt fè l' paske Seyè a kanpe la avèk ou. **3**
Men, menm jou lannwit sa a, Bondye pale ak Natan. Li di l'
konsa: **4** -Ale di David, sèvitè m' lan, men sa mwen menm
Seyè a, mwen voye di l': Se pa ou menm ki pral bati yon
tanp pou m' rete. **5** Depi jou mwen te fè moun pèp Izrayèl
yo soti kite peyi Lejip rive jòdi a, mwen pa janm rete nan
yon kay. Tout kote m' pase, se anba yon tant twal mwen
toujou ye. **6** Nan tout deplasman mwen ansanm ak moun
Izrayèl yo, mwen pa janm mande yonn nan chèf mwen te
chwazi pou gouvènen pèp mwen an poukisa yo pa bati
yon kay ak bwa sèd pou mwen. **7** Koulye a, men sa w'a
di David, sèvitè m' lan: Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a
voye di ou: Se mwen menm ki te pran ou dèyè mouton ou
t'ap gade nan savann yo, mwen mete ou chèf pèp Izrayèl
la, pèp mwen an. **8** Kote ou pase, mwen te kanpe la avè
ou. Mwen kraze tout lènmi ou yo devan ou. Mwen pral fè
yo nonmen non ou tankou y'ap nonmen non pi gwo chèf
ki sou latè. **9** Lèfini, mwen pare yon kote pou pèp Izrayèl
mwen an. Mwen pral tabli yo la pou yo ka viv san yo pa
bezwen pè anyen ankò. Mechan p'ap vin maltrete yo ankò
jan yo te konn fè l' anvan an, **10** lè mwen te mete jij chèf
yo pou gouvènen pèp Izrayèl mwen an. M'ap delivre ou
anba men tout lènmi ou yo. Mwen te fè ou konnen m'ap
ba ou pitit ak pitit pitit. **11** Lè lè a va rive pou ou mouri,
lè y'a antere ou, m'ap pran yonn nan pitit ou yo, m'ap
mete l' wa nan plas ou. M'ap fè gouvènman l' lan kanpe
fèm. **12** Se li menm ki va bati yon tanp pou mwen, m'ap fè
gouvènman l' lan kanpe fèm pou tout tan. **13** M'ap yon
papa pou li. Li menm l'ap yon pitit pou mwen. Mwen p'ap
lage l' jan mwen te lage moun ki te wa anvan ou lan. **14**
M'ap mete l' chèf lakay mwen ak nan gouvènman mwen
an pou tout tan. M'ap fè gouvènman fanmi li an kanpe
fèm pou tout tan. **15** Natan rakonte David tou sa Bondye
te fè l' konnen nan vizyon an. **16** Aprè sa, wa David ale
nan Tanp lan, li chita devan Seyè a, li di l' konsa: -Seyè
Bondye sèl Mèt la, kisa mwen ye? Kisa fanmi mwen ye
pou ou te fè tout sa ou deja fè pou nou? **17** Men, ou wè
sa pa kont toujou, Bondye sèl Mèt la! Kifè koulye a w'ap
fè konnen sa ki pral rive fanmi mwen denmen nan lanne
k'ap vini yo. Ou trete m' tankou yon grannèg, Seyè sèl
Mèt la. **18** Kisa mwen menm David, mwen ka di ou, Seyè,
apre sa pou bèl bagay ou fè pou mwen yo? Ou konnen
ki moun mwen ye, mwen menm k'ap sèvi ou la. **19** Se
paske ou te fè pwomès la, paske ou te vle l' konsa, Seyè,
kifè ou te fè tout bèl bagay sa yo pou ou te fè m' konnen
yo. **20** Seyè, Bondye mwen, pa gen tankou ou. Pa gen lòt
Bondye pase ou menm! Yo te toujou di nou sa. **21** Pa gen
lòt nasyon sou latè tankou pèp Izrayèl la. Se ou menm ki
delivre yo pou yo te ka tounen yon pèp ki rele ou pa ou.
Se pou yo ase ou fè sa! Toupatou sou latè y'ap nonmen
non ou pou gwo mirak ak bèl bagay ou fè pou yo. Ou
mete lòt nasyon deyò pou fè plas pou pèp ou a, pèp ou
te delivre anba pouvwa pèp peyi Lejip la. **22** Ou fè pèp
Izrayèl la tounen pèp pa ou pou tout tan, ou menm ou
tounen Bondye yo. **23** Koulye a, Seyè, Bondye, se pou ou
kenbe pwomès ou te fè sèvitè ou la ansanm ak fanmi li
an. Se pou ou fè sa ou di w'ap fè a. **24** Kenbe pwomès ou
pou tout moun rekonèt jan ou gen pouvwa, pou yo di: Se
Seyè ki gen tout pouvwa a ki Bondye pèp Izrayèl la vre.
Se yon Bondye pou pèp Izrayèl la. Konsa, gouvènman ki
nan men fanmi David, sèvitè ou la, va kanpe fèm pou tout
tan devan ou. **25** Se ou menm, Bondye mwen, ki te fè m'
konnen tou sa. Ou te di m', mwen menm sèvitè ou la,
w'ap ban mwen yon fanmi, lèfini w'ap fè baton gouvènman
an toujou rete nan men fanmi mwen. Se poutèt sa mwen
gen kouraj fè lapriyè sa a nan pye ou. **26** Koulye a, Seyè,
se ou ki Bondye, se ou ki pwomèt sèvitè ou la bèl bagay
sa yo. **27** Tanpri, beni tout fanmi mwen apre mwen, pou
yo ka toujou anba pwoteksyon ou. Wi, Seyè, se ou ki bay
benediksyon. Se pou ou toujou voye benediksyon ou sou
fanmi mwen.

18 Apre sa, David atake moun Filisti yo ankò. Li bat yo
byen bat. Se konsa li pran lavil Gat ak tout ti bouk
ki te sou lòd li yo, nan men moun Filisti yo. **2** Lèfini, li
bat moun peyi Moab yo. Moun Moab yo soumèt devan
David. Li fè yo peye taks ba li chak lè. **3** Apre sa, li bat
Adadezè, wa peyi Zoba a, ki t'ap mache pran zòn ki sou
anwo larivyè Lefrat la. **4** David pran mil (1.000) cha lagè,
sèt mil (7.000) kavalye nan lame wa Adadezè a, li fè yo
prizonye ansanm ak venmil (20.000) sòlda ki t'ap mache
apye. Lè li fin wete kont chwal pou san (100) cha lagè, li
fè koupe jarèt tout rès chwal yo. **5** Moun Siri lavil Damas
yo voye yon lame pou pote Adadezè, wa peyi Zoba a,
konkou. David atake yo, li bat yo tou. Li touye venndemil
(22.000) sòlda. **6** Apre sa, David mete moun pa l' pou
gouvènen peyi Damas la. Moun Siri yo soumèt devan li. Li
fè yo peye taks chak lè. Se konsa Seyè a te fè David
genyen tout batay kote l' pase. **7** David sezi tout gwo
plak pwotèj an lò chèf lame wa Adadezè yo, li pote yo
lavil Jerizalèm. **8** Li pran yon gwo kantite kwiv li te jwenn
lavil Tiba ak lavil Koun ki te pou Adadezè. Se ak kwiv
sa yo Salomon te fè gwo basen lan, poto won yo ak lòt
veso an kwiv pou Tanp lan. **9** Lè Towou, wa lavil Amat
la, tande jan David te kraze tout lame Adadezè a, **10** li
voye pitit li, Adouram al wè David pou di l' bonjou, epi
pou fe l' konpliman deske li te bat Adadezè, paske Towou
te toutan ap fè lagè ak Adadezè. Adouram te pote kado
fèt an lò, an ajan ak an kwiv bay David. **11** Wa David
pran tout bagay sa yo, li mete yo apa pou sèvis Seyè a,
ansanm ak tout lò ak tout ajan li te pran lakay moun lòt
nasyon li te fè soumèt devan li, ki vle di moun peyi Edon,
moun peyi Moab, moun peyi Amon, moun peyi Filisti ak
moun peyi Amalèk. **12** Apre sa, Abichayi, pitit gason
Sewouja a, touye dizwitmil (18.000) moun peyi Edon nan
Fon Sèl la. **13** Li mete kèk ganizon sòlda nan teritwa Edon
an. Tout moun Edon yo soumèt devan David. Se konsa,

Seyè a te fè David genyen tout batay kote l' pase. **14** David t'ap gouvènen tout pèp Izrayèl la. Li te fè tout moun jistis san patipri. Li te fè tout afè l' dwat. **15** Joab, pitit gason Sewouya a, te kòmandan chèf lame a. Jozafa, pitit gason Akiloud la, te reskonsab achiv yo. **16** Zadòk, pitit gason Akitoub, ak Akimelèk, pitit gason Abyata a, te prèt. Chaoucha te sekretè. **17** Benaja, pitit gason Jeojada a, te chèf keretyen yo ak pelesyen yo ki te gad pèsonèl wa a. Pitit gason David yo menm te gwo chèf apre wa a.

19 Apre sa, Nakach, wa lavil Amon, mouri. Se pitit gason li ki moute wa nan plas li. **2** David di: -Se pou m' aji byen ak Anoun, pitit Nakach la, paske papa l' te boule byen avè m'. Se konsa, David voye mesaje al di Anoun jan sa te fè l' lapenn lè l' pran nouvèl lanmò papa l'. Mesaje David yo rive lakay Anoun nan peyi moun Amon yo pou konsole l'. **3** Men, chèf moun Amon yo di Anoun konsa: -Pa konprann se sèlman pou lanmò papa ou la kifè David voye mesaje sa yo bò kote ou pou konsole ou. Wete sa nan tèt ou. Li voye yo isit la pou yo wè jan lavil la ye, pou yo gade byen sa k'ap pase nan lavil la. Konsa, pita li ka vin pran lavil la nan men nou. **4** Sa Anoun fè lè sa a, li pran moun David te voye yo, li raze tout yon bò nan bab yo, li koupe anba rad yo ra dèyè yo, li voye yo tounen. **5** Mesye yo te wont anpil pou yo te tounen lakay yo konsa. Lè David vin konn sa ki te rive yo, li voye di yo rete lavil Jeriko, y'a tounen lakay yo lè bab yo va pouse ankò. **6** Wa Anoun ak moun Amon yo vin konprann yo te fè David fache. Yo pran mil pyès ajan, yo voye chache sòlda, cha lagè, ak kavalye kay moun Aram yo lavil Narayim, lavil Maka ak lavil Zoba pou vin goumen pou yo. **7** Se konsa yo lwe sèvis tranndemil (32.000) cha lagè ki vin kanpe devan lavil Medeba ansanm ak wa lavil Maka a ak tout lame li a. Moun peyi Amon yo kite lavil yo, yo reyini ansanm pou pare pou batay la. **8** David vin konnen sa. Li voye Joab ak tout lame vanyan sòlda li yo al kontre yo. **9** Moun Amon yo soti, y' al pran pozisyon devan pòtay lavil la. Wa ki te vin ede yo bò pa yo pran pozisyon nan plenn lan. **10** Joab te wè lame lènmi yo te ka atake l' ni sou devan, ni sou dèyè. Sa l' fè, li chwazi pi bon sòlda nan lame pèp Izrayèl la, li mete yo an pozisyon devan lame moun Aram yo. **11** Lèfini, li mete Abichayi, frè l' la, alatèt rès lame a. Li fè yo pran pozisyon devan moun Amon yo. **12** Joab di Abichayi konsa: -Si nou wè moun Aram yo soti pou yo bat mwen, w'a vin ede m'. Konsa tou, si mwen wè moun Amon yo vle pi fò pase ou, m'a vin ede ou. **13** Mete gason sou nou. Kouraj! Nou pral goumen rèd mare pou pèp nou an ak pou lavil Bondye nou an. Bondye va fè sa li vle li menm. **14** Joab ak sòlda ki te avè l' yo mache sou moun Aram yo. Moun Aram yo kouri pou li. **15** Lè moun peyi Amon yo wè moun Aram yo kouri ale, yo kouri tou pou Abichayi, frè Joab la, yo antre nan lavil la. Lè sa a, Joab tounen tounen l' lavil Jerizalèm. **16** Lè moun Aram yo wè moun Izrayèl yo te bat yo, yo voye yon mesaj bay moun Aram ki te lòt bò larivyè Lefrat la, pou yo pare vin goumen pou yo. Yo reyini lavil Elam. Se Chofak, chèf lame Adadezè a, ki te alatèt yo. **17** Lè David vin konn sa, li sanble tout lame pèp Izrayèl la, li janbe lòt bò larivyè Jouden, li mache sou yo, li pran pozisyon devan yo. David ranje sòlda li yo pou li goumen ak moun Aram yo. Epi batay la konmanse. **18** Moun Izrayèl yo fè moun Aram yo kouri met deyò. David ak sòlda li yo touye sòlda ki te sou sètmil (7.000) cha lagè ak karantmil (40.000) sòlda ki te apye. Yo touye Chofak, chèf lame lènmi an. **19** Lè moun ki te avek Adadezè yo wè jan moun Izrayèl yo te bat yo, yo fè lapè ak David. Yo soumèt devan li. Se konsa, moun Aram yo pa t' vle vin pote moun Amon yo sekou ankò.

20 Nan prentan apre sa, nan epòk wa yo konn soti al fè lagè, Joab pati ak pifò sòlda lame pèp Izrayèl la. Yo ravaje peyi Amon an, yo sènen lavil Raba. David menm te rete lavil Jerizalèm. Joab pran lavil la, li kraze l'. **2** Estati Milkòm, zidòl moun Amon yo, te gen yon gwo kouwòn fèt an lò sou tèt li. Kouwòn lan te peze swasannkenz liv, li te gen yon gwo pyè koute chè ladan l'. David pran kouwòn lò ki te sou tèt zidòl la, li mete l' sou tèt pa l'. Lèfini, se pa de bagay li pa pran nan lavil la. **3** Li pran moun ki te rete nan lavil la, li mete yo fè travay ak goyin, wou ak rach. Li fè menm bagay la tou nan tout lòt lavil peyi Amon an. Apre sa, David tounen lavil Jerizalèm ak tout moun li yo. **4** Apre sa, lagè pete ankò ant moun Filisti yo ak moun pèp Izrayèl yo bò lavil Gezè. Lè sa a, Sibekayi, yon moun lavil Ousa, touye Sipayi, yon moun nan ras Arafa yo. Yo fè moun Filisti yo soumèt devan yo. **5** Pandan yon lòt batay ak moun Filisti yo ankò, Elkanan, pitit gason Jayi, touye Lami, frè Golyat, yon moun lavil Gat. Frenn Lami an te gen yon manch menm gwosè ak yon gwo manch pilon. **6** Vin gen yon lòt batay ankò lavil Gat. Lè sa a, te gen yon sòlda bèl wotè ki te gen sis dwèt nan chak men, sis zòtèy nan chak pye. Se te yonn nan ras moun Arafa yo. **7** Li t'ap pase moun pèp Izrayèl yo nan betiz. Jonatan, pitit gason Chimeya, frè David la, touye l'. **8** Kat sòlda peyi Filisti sa yo te soti nan ras moun Arafa yo, nan lavil Gat. David ak sòlda li yo touye yo.

21 Yon jou, Satan move sou pèp Izrayèl la, li pouse David al konte konbe moun ki nan pèp Izrayèl la. **2** Wa a pale ak Joab ansanm ak lòt chèf yo, li di yo konsa: -Ale nan tout branch fanmi Izrayèl yo, depi lavil Bètcheba nan sid jouk lavil Dann nan nò. Konte dènye moun ki nan pèp la. Lèfini, fè m' yon rapò pou m' ka konnen konbe moun ki gen nan peyi a. **3** Men Joab di wa a konsa: -Monwa, mwen mande Seyè a pou li fè pèp Izrayèl la vin san fwa pi plis pase jan li ye koulye a. Lèfini, monwa, ou konnen yo tout la ap sèvi ou. Men poukisa, monwa, ou vle fè sa? Poukisa ou vle pòte pèp Izrayèl la fè sa ki mal? **4** Men, wa a pa t' soti pou li chanje lòd li te bay la. Konsa, Joab pati, li vwayaje nan tout peyi a. Apre sa, li tounen lavil Jerizalèm. **5** Joab renmèt wa a rapò ki bay kantite moun ki te gen antou nan tout peyi a. Se konsa yo te jwenn yon milyon sanmil (1.100.000) gason ki konn sèvi ak nepe nan peyi Izrayèl la ak katsanswasanndimil (470.000) nan peyi

Jida a. 6 Men Joab pa t' konte moun ni nan branch fanmi
Levi a, ni nan branch fanmi Benjamen an, paske lòd wa a
te bay la pa t' antre nan santiman l' menm. 7 Men, sa
David te fè a pa t' fè Bondye plezi. Bondye pini pèp Izrayèl
la. 8 Lè sa a, David di Bondye: -Sa m' fè la a, se yon gwo
peche. Koulye a, tanpri, padonnen m'. Pa bliye se sèvitè
ou mwen ye. Mwen te aji tankou moun fou. 9 Seyè a pale
ak pwofèt Gad, konseye David la, li di l' konsa: 10 -Ale
pale ak David. W'a di l' men mesaj Seyè a voye ba ou. Li
mete twa chatiman devan ou. Ou menm, w'a chwazi yonn
ladan yo. Sa w'a chwazi a, se sa l'a fè ou. 11 Se konsa
Gad al jwenn David lakay li, li di l' konsa: -Men sa Seyè a
voye di ou: Kisa ou vle? 12 Twa lanne grangou nan tout
peyi a, twa mwa ap kouri devan lènmi k'ap pousib ou ak
sòlda yo, osinon twa jou ap sibi chatiman Seyè a ak yon
epidemi nan tout peyi a, pou zanj Seyè a menm ap mache
touye moun nan tout peyi Izrayèl la? Al kalkile sou sa pou
fe m' konnen ki repons pou m' pote bay moun ki voye m'
lan. 13 David reponn: -M' nan gwo tèt chaje! Men, m'
pa vle tonbe anba men lèzòm menm! Pito se Seyè a ki
pini m', paske li gen bon kè! 14 Se konsa, Seyè a voye
yon epidemi sou pèp Izrayèl la. Li touye swasanndimil
(70.000) moun nan pèp Izrayèl la. 15 Seyè a te voye zanj
li sou lavil Jerizalèm pou detwi l'. Lè zanj lan konmanse fè
travay li, Seyè a wè sa, li fè lide sispann chatiman an. Li di
zanj ki t'ap touye moun yo: -Sispann! Kenbe men ou! Lè
sa a, zanj lan te gen tan toupre glasi Onan an, moun lavil
Jebis la. 16 David voye je l', li wè zanj Seyè a kanpe nan
lè a, san pye l' pa touche tè, bra l' lonje sou lavil Jerizalèm
ak yon nepe nan men l'. Lè sa a, David ak chèf fanmi yo,
rad sak yo sou yo, bese tèt yo jouk atè. 17 David pale ak
Seyè a, li di l' konsa: -Se mwen menm ki te mande pou yo
konte moun yo. Se mwen menm ki antò. Se mwen menm
ki fè sa ki mal. Kisa moun sa yo fè? Se mouton yo ye.
Tanpri, Seyè, Bondye mwen, pa voye ankenn malè sou
pèp la. Se mwen menm ansanm ak fanmi mwen pou ou
ta pini. 18 Zanj Seyè a te bay pwofèt Gad lòd pou l' te al
mande David pou l' moute lakay Onan, moun lavil Jebis
la, bati yon lotèl pou Seyè a nan mitan glasi a. 19 David
koute sa Gad te di l' la, li moute lakay Onan jan Seyè a te
ba li lòd la. 20 Onan menm t'ap bat ble ansanm ak kat pitit
gason l' yo ki te la avè l' sou glasi a. Lè yo wè zanj lan,
pitit li yo kouri al kache. 21 Onan vire tèt li, li wè David ki
t'ap vini. Li kite glasi a, li tonbe ajenou devan wa a, li bese
tèt li jouk fwon li touche tè. 22 David di Onan konsa: -
Vann mwen anplasman glasi a pou m' bati yon lotèl pou
Seyè a. Ban mwen li pou pri li vo. Konsa, epidemi k'ap fini
ak pèp la va sispann. 23 Onan di David konsa: -Monwa,
ou mèt pran l' pou fè sa ou vle avè l'. Men m'ap bay bèf
sa yo pou ou boule nèt sou lotèl la. Men jouk bèf yo ak
bwa kabwa yo pou fè dife, ak ble pou sèvi ofrann grenn
jaden an. M'ap ba ou tout bagay sa yo. 24 Men wa David
reponn Onan, li di l': -Non. Se achte m'ap achte. Se pou
m' peye ou sa yo vo. M' pa ka ofri Seyè a sa ki pou ou.
Mwen p'ap pran anyen ki pa koute m' lajan pou m' ofri
bay Seyè a. 25 Se konsa David bay Onan swasant pyès
lò pou anplasman glasi a. 26 Lèfini, li bati yon lotèl pou
Seyè a, li fè ofrann bèt boule pou Bondye ak ofrann pou di
Bondye mèsi. Li lapriyè nan pye Seyè a. Seyè a reponn li,
li voye dife soti nan syèl la pou boule ofrann ki sou lotèl la.
27 Lè sa a, Seyè a bay zanj li a lòd pou li mete nepe li nan
djenn li ankò. 28 Lè David wè Seyè a te reponn lapriyè li
te fè nan pye l' sou glasi Onan, moun lavil Jebis la, li ofri
bèt pou touye sou lotèl la. 29 Men lè sa a, Tant Randevou
Moyiz te fè moute pou Seyè a nan dezè a ansanm ak
lotèl pou boule ofrann bèt yo te sou mòn Gabawon toujou,
kote yo te mete apa pou Seyè a. 30 Men, David pa t' ka
ale la pou adore Seyè a, paske li te pè nepe zanj Seyè a.

22 Se konsa David te di: -Se la Tanp Bondye Seyè
a ye, ansanm ak lotèl pou boule bèt yo ofri bay
Bondye pou pèp Izrayèl la. 2 David bay lòd pou tout moun
lòt nasyon k'ap viv nan peyi Izrayèl la reyini. Li moute
chantye kote pou taye wòch pou bati Tanp Bondye a. 3 Li
fè pare fè an kantite pou fè klou ak kranpon pou batan pòt
yo. Pou kwiv la menm, moun pa ka kalkile kantite li te fè
pare. 4 Pou bwa sèd, moun peyi Sidon ak moun lavil Tir
te fè David jwenn sa an kantite. 5 David t'ap di nan kè l':
Salomon, pitit gason m' lan, se yon timoun ki poko gen
esperyans. Tanp li gen pou l' bati pou Seyè a, se li ki pou
pi gwo, pi bèl pase dènye tanp, pou toupatou sou latè
y'ap pale sou li. Se pou m' pare tout bagay kite pou li. Se
konsa, anvan li mouri, David pare materyo an kantite kite
la pou sa. 6 Lèfini, li voye chache Salomon, pitit gason l'
lan, li ba li lòd pou li bati Tanp Seyè a, Bondye pèp Izrayèl
la. 7 Li di l' konsa: -Pitit mwen, mwen te fè lide bati yon
tanp pou Seyè a, Bondye mwen an. 8 Men Seyè a fè m'
konnen mwen touye twòp moun, mwen fè anpil lagè. Se
poutèt sa se pa mwen ki pral bati tanp lan pou li, paske
mwen fè twòp san koule. 9 Men li di m' konsa: Ou pral
gen yon pitit gason ki p'ap nan touye moun li menm. M'ap
fè tout lènmi l' yo toupatou viv byen ak li tou. Se poutèt sa
y'a rele l' Salomon. Sou rèy li, peyi Izrayèl la ap viv ak ke
poze, san danje ni malè. 10 Se li menm ki va bati yon
tanp pou mwen. L'ap yon pitit pou mwen, mwen menm
m'ap yon papa pou li. M'ap fè l' toujou gen yon moun nan
fanmi l' wa pou gouvènen pèp Izrayèl la. 11 Koulye a,
pitit mwen, se pou Seyè a, Bondye w'ap sèvi a, toujou
kanpe la avè ou pou ou ka rive bati Tanp lan pou li, jan li
te pwomèt ou sa. 12 Mwen mande Seyè a pou l' ba ou
bon konprann ak anpil lespri, pou lè l'a mete ou chèf nan
peyi Izrayèl la, ou ka toujou fè tou sa ki nan Lalwa Seyè
a, Bondye ou la. 13 Konsa, tout bagay va mache byen
pou ou si ou veye kò ou pou ou mennen bak ou dapre
lòd ak regleman Seyè a te bay Moyiz pou pèp Izrayèl la.
Mete gason sou ou, kenbe fèm! Pa kite anyen fè ou pè.
14 Gade! Mwen bay kò m' anpil traka pou m' pare tout
bagay pou Tanp Seyè a: twamil twasan (3.300) tòn lò,
tranntwamil (33.000) tòn ajan, ak yon gwo kantite kwiv ak
fè moun pa ka kalkile. M' pare bwa ak wòch tou. Men, se

pou ou fè pare toujou. 15 Lèfini, w'ap jwenn anpil travayè,
kantonye, moun pou taye wòch, chapant, ak anpil moun ki
bòs nan tout kalite travay. 16 Pou lò, ajan, kwiv ak fè,
ou gen sa an kantite. Konsa, mete men nan travay la!
Mwen mande pou Seyè a toujou kanpe la avè ou. 17
Apre sa, David mande tout chèf pèp Izrayèl yo pou yo
ede Salomon, pitit gason l' lan. 18 Li di yo konsa: -Seyè a,
Bondye nou an, te toujou la avèk nou. Li fè nou viv nan
lapè ak tout moun toupatou. Li lage nan men mwen tout
lòt moun ki rete nan peyi a, kifè tout peyi a soumèt nèt
devan Seyè a ak devan pèp li a. 19 Koulye a, se pou nou
pran desizyon chache fè volonte Seyè a, Bondye nou an,
ak tout kè nou, ak tout nanm nou. Pare kò nou pou nou
bati tanp Seyè a, Bondye nou an, pou nou ka mete Bwat
Kontra Seyè a ak tout lòt bagay yo mete apa pou fè sèvis
Seyè a ladan l'.

23 David te fin vye granmoun, li te fin viv kont li, lè
li mete Salomon, pitit li a, wa sou pèp Izrayèl la.
2 Li reyini tout chèf pèp Izrayèl yo, tout prèt yo ak tout
moun Levi yo. 3 Li fè konte tout moun Levi yo, depi sa ki
gen trantan pou pi piti rive sou sa ki pi gran yo. Antou yo
jwenn trantwimil (38.000) gason. 4 David mete vennkatmil
(24.000) pou dirije travay tanp lan, simil (6000) pou ekri
tou sa k'ap pase ak pou rann jistis, 5 katmil (4000) pou fè
pòs nan pòtay la ak katmil (4000) pou fè lwanj Seyè a ak
enstriman mizik David te fè fè pou sa. 6 David separe
moun Levi yo fè twa gwoup dapre branch fanmi pitit gason
Levi yo: Gèchon, Keyat ak Merari. 7 Gèchon te gen de
pitit gason: Layedan ak Chimèyi. 8 Layedan te fè twa pitit
gason: Yekiyèl, pi gran an, Zetam ak Joèl. 9 Chimeyi te fè
twa pitit gason tou: Chelomit, Aziyèl ak Aran. Se yo ki
te chèf fanmi moun Layedan yo. 10 Chimeyi te gen kat
lòt pitit gason: Jaka, Ziza, Jeouch ak Berya. 11 Se Jaka
ki te pi gran, Ziza te dezyèm pitit la. Jeouch ak Berya
pa t' gen anpil pitit. Se konsa yo mete yo ansanm, yo
pase pou yon sèl branch fanmi. 12 Keyat te gen kat pitit:
Amram, Jizeya, Ebwon ak Ouzyèl. 13 Amram te gen de
pitit gason: Arawon ak Moyiz. Bondye te mete Arawon ak
pitit li yo apa pou yo okipe pyès ki apa nèt pou Bondye a,
pou boule lansan devan Seyè a, pou yo sèvi l', pou yo
beni pèp la nan non li. Se te travay pa yo sa pou tout tan.
14 Moyiz te moun Bondye a menm. Pitit li yo te fè pati
branch fanmi Levi a tou. 15 Moyiz te gen de pitit gason:
Gèchòm ak Elyezè. 16 Premye pitit Gèchòm lan te rele
Chebwèl. 17 Elyezè li menm te gen Rekabya pou premye
pitit. Li pa t' fè lòt pitit gason ankò. Men Rekabya te fè
anpil pitit. 18 Premye pitit Jizeya a te rele Chelomit. 19
Men pitit Ebwon yo: Premye a te rele Jerija, dezyèm lan
Amarya, twazyèm lan Jakazyèl, katriyèm lan Jekameam.
20 Men pitit Ouzyèl yo: Miche, premye a ak Jikija, dezyèm
lan. 21 Merari te gen de pitit gason: Makli ak Mouchi.
Makli te gen de pitit gason: Eleaza ak Kich. 22 Eleaza
mouri san kite pitit gason. Pitit fi ase li te genyen. Yo
marye ak kouzen yo, pitit gason Kich yo. 23 Mouchi te
gen twa pitit gason: Makli, Edè ak Jerimòt. 24 Se tout
moun nan ras Levi yo sa, dapre fanmi yo, ki te gen non yo
kouche nan rejis tankou chèf fanmi. Yo chak te gen travay
pa yo nan sèvis kay Seyè a, depi sa ki gen ventan pou pi
piti rive sou pi gran yo. 25 David te di: -Seyè a, Bondye
pèp Izrayèl la, te fè pèp li a viv ak kè poze. Li menm, Seyè
a, l'ap toujou rete lavil Jerizalèm. 26 Konsa, moun Levi yo
p'ap nan pote Tant Randevou Seyè a ankò ansanm ak
tout bagay yo bezwen pou fè sèvis pou li ankò. 27 Se
konsa, dapre dènye pawòl sa yo David te di lè sa a, yo
enskri tout moun Levi yo, depi sa ki gen ventan pou pi piti
rive sou pi gran yo. 28 Travay yo se ede prèt yo, pitit
Arawon yo, nan sèvis y'ap fè nan Tanp Seyè a. Se yo ki
pou okipe lakou yo ak tout pyès nan Tanp lan. Se yo ki
pou veye pou tout bagay rete nan kondisyon pou fè sèvis
Bondye a. Se yo ki reskonsab tout lòt sèvis nan Tanp
lan. 29 Yo te reskonsab pen yo te ofri bay Bondye yo,
farin frans yo sèvi pou fè ofrann yo, pen san ledven yo,
ofrann farin melanje ak lwil yo. Se yo ki te reskonsab peze
ak mezire ofrann nan Tanp lan. 30 Lèfini, se pou yo la
nan Tanp lan chak jou, nan maten ak nan aswè, pou di
Bondye mèsi, pou fè lwanj pou li. 31 Se pou yo la tou lè
y'ap fè ofrann pou yo boule nèt pou Seyè a jou repo yo,
premye jou chak mwa yo, ak pou lòt jou fèt yo. Te gen
regleman ki te bay travay moun Levi yo gen pou fè ak
kantite moun ki pou fè chak travay. Se te reskonsablite yo
pou yo te toujou ap sèvi Seyè a. 32 Se yo menm tou ki te
reskonsab okipe Tant Randevou a, ak kote yo mete apa
pou Seyè a, ak prèt yo, fanmi yo ki soti nan branch fanmi
Arawon an, lè y'ap sèvi nan Tanp lan.

24 Men moun ki te soti nan branch fanmi Arawon an
dapre travay yo. Arawon te gen kat pitit gason:
Nadab, Abiyou, Eleaza ak Itama. 2 Men Nadab ak Abiyou
mouri anvan papa yo, san kite pitit gason. Konsa, se
Eleaza ak Itama ki vin prèt apre Arawon. 3 Avèk konkou
Zadòk, moun fanmi Eleaza a, ak Akimelèk, moun fanmi
Itama a, wa David separe moun fanmi Arawon yo an
gwoup. Chak gwoup te gen travay pa yo. 4 Men, lè yo
jwenn te gen plis gason chèf fanmi nan moun Eleaza yo
pase nan moun Itama yo, yo òganize sèz gwoup nan
moun Eleaza yo ak wit gwoup nan moun Itama yo. 5 Nan
tou de fanmi yo te gen moun ki te chèf nan Tanp lan ak
chèf pou fè sèvis Bondye. Chak moun te gen tou pa yo.
Yo te fè yo piye pou yo te ka konnen tou chak moun. 6 Se
konsa, Chemaja, pitit Netaneyèl, yonn nan moun Levi
yo, ki te sekretè, te kouche non yo nan rejis devan wa a,
devan chèf yo, devan Zadòk, prèt la, devan Akimelèk,
pitit Abyata, ak devan tout chèf fanmi prèt yo ak moun
Levi yo. Yo piye yonn apre lòt, de moun Eleaza pou chak
yon moun Itama. 7 Men nan ki lòd vennkat gwoup yo te
soti lè yo fin piye: Jeoyarib soti premye, Jedaja dezyèm,
8 Arim twazyèm, Seorim katriyèm, 9 Malkija senkyèm,
Mijamen sizyèm, 10 Akòz setyèm, Abija wityèm, 11 Jezwa
nevyèm, Chekanya dizyèm, 12 Elyakib onzyèm, Yakim
douzyèm, 13 Oupa trèzyèm, Jekebeab katòzyèm, 14

Bilga kenzyèm, Imè sèzyèm, **15** Ezi disetyèm, Apizèz
dizwityèm, **16** Petaja diznevyèm, Ezekyèl ventyèm, **17**
Jakin venteyenyèm, Gamoul venndezyèm, **18** Delaya
venntwazyèm, Mazya vennkatriyèm. **19** Se konsa yo te
enskri non moun sa yo nan jan pou yo te al nan Tanp
lan pou fè travay yo yonn apre lòt, jan Arawon zansèt yo
te mete l' pou yo fè l' la, dapre lòd Seyè a, Bondye pèp
Izrayèl la, te bay. **20** Men non lòt chèf fanmi ki soti nan
fanmi Levi a: Se te Choubayèl nan fanmi Amran, Jedeya
nan fanmi Choubayèl, **21** Ichiya nan fanmi Rekabya. Se
li ki te pi gran. **22** Te gen Chelomòt nan fanmi Jizeya,
Jaat nan fanmi Chelomòt. **23** Nan fanmi Ebwon an te gen
Jerija, pi gran an, Amarya, dezyèm lan, Jaziyèl, twazyèm
lan ak Jekameam, katriyèm lan. **24** Te gen tou Miche, pitit
gason Ouzyèl, Chami, pitit gason Miche. **25** Jikija, frè
Miche a, Zakari, pitit gason Jikija, **26** Makli ak Mouchi, pitit
gason Merari, pitit gason Jazya yo, ki te pitit Merari. **27**
Nan fanmi Merari a, Jazya, pitit li, te gen twa pitit gason:
Choam, Zakou ak Ibri. **28** Makli te gen de pitit gason:
Eleaza ki pa t' gen pitit gason, **29** ak Kich ki te papa
Jerakmeyèl. **30** Mouchi te gen twa gason: Makli, Edè ak
Jerimòt. Se tout fanmi Levi yo sa dapre non zansèt yo. **31**
Tankou moun fanmi Arawon yo, yo menm tou, yo piye
devan wa David, devan Zadòk ak Akimelèk, devan chèf
fanmi prèt yo ak moun Levi yo, pou yo separe travay la
bay chak moun pa yo, depi sou fanmi chèf yo rive sou
fanmi pi piti ladan yo, san patipri.

25 Apre sa, wa David ak chèf moun Levi ki reskonsab
sèvis nan Tanp lan te chwazi branch fanmi Asaf,
branch fanmi Eyman ak branch fanmi Jedoutoun pou ba
yo travay pa yo. Se yo ki pou bay mesaj Bondye yo, antan
y'ap jwe gita, bandjo ak senbal. Men lis moun yo te chwazi
yo ak travay yo chak: **2** Asaf te gen kat pitit: Zakou, Jozèf,
Netama ak Acharela. Yo te sou zòd Asaf. Se li ki te konn
fè konnen mesaj Bondye yo chak lè wa a mande l' pou l'
fè l'. **3** Jedoutoun te gen sis pitit: Gedalya, Zeri, Izayi,
Chimèy, Asabya ak Matatya. Yo te sou zòd Jedoutoun,
papa yo. Se yo ki te konn fè konnen mesaj Bondye yo
antan y'ap jwe gita, pou fè lwanj Bondye, pou di l' mèsi.
4 Eyman te gen katòz pitit: Boukija, Matanya, Ouzyèl,
Sebwèl, Jerimòt, Ananya, Anani, Elyata, Gidalti, Womanti-
Ezè, Josbekacha, Maloti, Oti ak Maziòt. **5** Bondye te bay
Eyman, pwofèt wa a, katòz pitit gason sa yo ak twa pitit fi,
dapre pwomès li te fè l' pou l' te ba li anpil pouvwa. Lè yo
t'ap fè konnen mesaj Bondye yo, se yo ki te pou kònen
twonpèt yo. **6** Se Eyman, papa yo, ki t'ap dirije yo lè y'ap
chante nan sèvis y'ap fè nan Tanp Bondye a, antan y'ap
jwe gita, bandjo ak senbal. Asaf, Jedoutoun ak Eyman te
sou zòd wa a. **7** Sa te fè antou desankatrevenwit (288)
mizisyen ki te fò nan fè mizik, ansanm ak tout lòt moun
Levi parèy yo ki te aprann chante pou Seyè a. **8** Yo fè tout
moun piye, gran kou piti, ni sa ki te fò nan fè mizik, ni sa ki
te fèk konmanse aprann, pou yo te ka konnen lè pou yo fè
travay yo nan sèvis la. **9** Desankatrevenwit (288) mesye
sa yo te separe chak fanmi apa. Sa te fè vennkat gwoup.
Chak gwoup te gen douz moun. Nan chak gwoup te gen
yon chèf ak pitit gason l' yo ansanm ak frè l' yo. Men nan
ki lòd yo te soti apre yo fin piye a. Premye a te Jozèf
nan fanmi Asaf la, dezyèm lan Gedalya, **10** twazyèm lan
Zakou, **11** katriyèm lan Jisri, **12** senkyèm lan Netanya, **13**
sizyèm lan Boukya, **14** setyèm lan Acharela, **15** wityèm
lan Izayi, **16** nevyèm lan Matanya, **17** dizyèm lan Chimeyi,
18 onzyèm lan Azareyèl, **19** douzyèm lan Achabya, **20**
trèzyèm lan Choubayèl, **21** katòzyèm lan Matatya, **22**
kenzyèm lan Jerimòt, **23** sèzyèm lan Ananya, **24** disetyèm
lan Josbekacha, **25** dizwityèm lan Anani, **26** diznevyèm
lan Maloti, **27** ventyèm lan Elyata, **28** venteyenyèm lan
Oti, **29** venndezyèm lan Gidalti, **30** venntwazyèm lan
Maziòt, **31** vennkatryèm lan Womanti-Ezè.

26 Men jan yo te separe travay la pou moun Levi ki t'ap
sèvi tankou gad nan pòtay Tanp lan. Nan branch
fanmi Kore a, te gen Mechelemya, pitit gason Kore a
ki te yon pitit Ebyasaf. **2** Mechelemya te gen sèt pitit
gason: Zakari pi gran an, Jedyayèl dezyèm lan, Zebadya
twazyèm lan, Jatniyèl katriyèm lan. **3** Elam senkyèm lan,
Joanan sizyèm lan ak Elioenayi setyèm lan. **4** Te gen
Obèd-Edon tou. Bondye te beni l', li te ba li wit pitit gason:
Chenaja premye a, Jeozabad dezyèm lan, Joa twazyèm
lan, Saka katriyèm lan, Netaneyèl senkyèm lan. **5** Amiyèl
sizyèm lan, Isaka setyèm lan ak Peoultayi wityèm lan.
6 Chemaja, premye pitit Obèd-Edon an, te gen sis pitit
gason: Se yo ki te chèf nan branch fanmi yo paske yo te
vanyan sòlda ak anpil ladrès. **7** Men non pitit Chemaja yo:
Otni, Refayèl, Obèd, Elzabad, Eliyou ak Semakya. De
dènye yo te vanyan sòlda. **8** Se tout fanmi Obèd-Edon an
sa ansanm ak pitit yo ak frè yo. Yo tout te vanyan sòlda
ak anpil ladrès pou fè travay yo. Te gen swasannde moun
antou nan fanmi Obèd-Edon an. **9** Nan fanmi Mechelemya
a, te gen antou dizwit gason, tout vanyan sòlda. **10** Nan
branch fanmi Merari a te gen Oza ki te gen kat pitit gason:
Se te Chimri ki te chèf fanmi an. Se pa li ki te premye pitit
gason, men se papa l' ki te mete l' chèf fanmi an. **11** Ilkija
dezyèm lan, Tebalya twazyèm lan, Zakari katriyèm lan. Sa
te fè antou trèz frè ak pitit gason nan fanmi Oza a. **12**
Travay gwoup moun sa yo se fè pòs nan pòtay Tanp lan.
Yo te bay chak gwoup travay pa yo nan sèvis Tanp lan,
tankou yo te fè l' pou lòt moun Levi yo. **13** Chak fanmi,
gwo kou piti, piye pou yo konnen nan ki pòtay y'ap fè
travay yo. **14** Chelemya soti pou pòtay ki bay sou solèy
leve a. Pòtay nò a soti pou Zakari, pitit gason l' lan, ki
te konn bay moun bon konsèy. **15** Pòtay sid la soti pou
Obèd-Edon. Pitit gason l' yo te gen depo yo sou kont yo.
16 Pòtay solèy kouche a ak pòtay Chalechèt ki bay sou
chemen ki moute a te sou kont Choupim ak Oza. Chak
faksyonnè, yonn apre lòt, te gen lè sèvis pa yo. **17** Chak
jou, te gen sis gad pou pòtay bò solèy leve a, kat gad pou
pòtay nò a, kat gad pou pòtay sid la ak de gad pou chak
depo yo. **18** Pou pòsyon kay ki bay sou solèy kouche a,
te gen kat gad pou wout la ak de gad pou pòsyon kay la
menm. **19** Men travay yo te bay moun fanmi Kore yo ak

moun fanmi Merari yo. **20** Gen lòt moun Levi yo te mete
reskonsab trezò Tanp lan ak depo kote yo mete tout bagay
ki apa pou Bondye yo. **21** Layedan, yonn nan pitit Gèchon
yo, te zansèt anpil fanmi. Yonn ladan yo te fanmi Jekiyèl
yo. **22** Pitit Jekiyèl yo ak pitit frè l' yo, Zetam ak Joèl, te
reskonsab trezò Tanp Seyè a. **23** Yo te bay pitit Amram
yo, pitit Isa yo, pitit Ebwon yo ak pitit Ouzyèl yo travay pa
yo tou. **24** Chebwèl, yonn nan fanmi Gèchòm, pitit gason
Moyiz la, te premye reskonsab trezò Tanp lan. **25** Sou bò
Elyezè, tonton li, li te fanmi ak Rekabya, pitit Elyezè a, ki
te papa Jezaja. Jezaja sa a te papa Joram, Joram te papa
Zikri, Zikri te papa Chelomit. **26** Se Chelomit sa a ansanm
ak fanmi l' yo ki te reskonsab depo tout bagay wa David,
chèf fanmi yo, kòmandan rejiman mil sòlda yo, kòmandan
divizyon san sòlda yo ak tout lòt gwo chèf nan lame a te
mete apa pou Seyè a. **27** Nan bagay yo te pran nan lagè,
yo te mete kèk ladan yo apa pou fè Tanp lan pi bèl. **28** Te
gen bagay Samyèl, pwofèt la, wa Sayil, pitit gason Kich
la, Abnè, pitit Nè a, ak Joab, pitit Sewouya a, te mete apa
pou sèvis Bondye. Tou sa te sou kont Chelomit ak fanmi l'
yo. **29** Nan branch fanmi Jizeya a, te gen Kenanya ak pitit
gason l' yo ki te reskonsab travay ki fèt an deyò Tanp lan
pou pèp Izrayèl la. Se yo ki te kenbe tout papye konsekan
yo, epi ki te rann jijman nan tribinal. **30** Nan branch fanmi
Ebwon an, te gen Asabya ak fanmi l' yo, antou milsètsan
(1700) vanyan gason ki te reskonsab enspekte zòn peyi
Izrayèl ki te sou bò solèy kouche larivyè Jouden an, pou
wè si tout bagay ki gen rapò ak sèvis Seyè a ansanm ak
zafè wa a t'ap mache byen. **31** David te gen karantan depi
li te wa, lè yo mennen yon ankèt nan branch fanmi Ebwon
an. Lè sa a, yo jwenn te gen anpil vanyan sòlda nan fanmi
sa a ki t'ap viv lavil Jazè nan zòn Galarad. Chèf fanmi
Ebwon an te rele Jerija. **32** Nan fanmi an, te gen antou
demilsètsan (2700) vanyan gason ki te chèf fanmi yo.
Wa David te mete yo reskonsab branch fanmi Woubenn
lan, branch fanmi Gad la ak mwatye nan branch fanmi
Manase a ki t'ap viv lòt bò larivyè Jouden sou bò solèy
leve, pou wè si tout bagay ki gen rapò ak sèvis Bondye
ansanm ak zafè wa a t'ap mache byen.

27 Men lis chèf fanmi pèp Izrayèl la ak kòmandan
rejiman mil sòlda ak kòmandan divizyon san sòlda
ansanm ak lòt anplwaye yo te konte ki t'ap sèvi ak wa a
nan gouvènman li. Chak mwa nan lanne a te gen yon
gwoup vennkatmil gason (24.000) ki te desèvis sou lòd
yon chèf diferan. **2** Pou gwoup ki te desèvis pou premye
mwa a, se Jachobeam, pitit gason Zabdyèl la, ki te chèf.
3 Se te yon moun nan fanmi Farèz. Li te kòmandan tout
chèf lame ki te desèvis pou premye mwa a. **4** Pou gwoup
dezyèm mwa a, se te Dodayi, moun lavil Akoa, ki te chèf.
Li te gen Miklòt pou adjwen. **5** Pou gwoup twazyèm mwa
a, chèf lame a te rele Benaja, pitit Jeoyada, granprèt la. **6**
Benaja sa a te chèf trant pi vanyan sòlda yo. Apre li, se
Amizabad, pitit gason l', ki te pran kòmandman gwoup la.
7 Pou gwoup katriyèm mwa a, se Azayèl, frè Joab la, ki te
chèf. Apre li, se Zebadya, pitit li, ki te pran kòmandman
an. **8** Pou gwoup senkyèm mwa a, se Chamout, moun
fanmi Izra, ki te chèf. **9** Pou gwoup sizyèm mwa a, se
Ira, pitit gason Ikèch, moun lavil Tekoa, ki te chèf. **10**
Pou gwoup setyèm mwa a, se Elèz, moun fanmi Efrayim
nan lavil Pelon, ki te chèf. **11** Pou gwoup wityèm mwa a,
se Sibekayi, moun lavil Oucha, ki te chèf. Se yon moun
fanmi Zera nan gwo branch fanmi Jida a. **12** Pou gwoup
nevyèm mwa a, se Abyezè, moun lavil Anatòt nan branch
fanmi Benjamen, ki te chèf. **13** Pou gwoup dizyèm mwa a,
se Marayi, moun lavil Netofa nan fanmi Zera, ki te chèf.
14 Pou gwoup onzyèm mwa a, se Benaja, moun lavil
Piraton nan zòn ki pou branch fanmi Efrayim lan, ki te
chèf. **15** Pou gwoup douzyèm mwa a, se Eldayi, moun
fanmi Otnyèl nan lavil Netofa, ki te chèf. **16** Men non chèf
ki te reskonsab douz gwo branch fanmi pèp Izrayèl la:
Pou branch fanmi Woubenn lan, se te Elyezè, pitit gason
Zikri. Pou branch fanmi Simeyon an, se te Sefatya, pitit
gason Maka. **17** Pou branch fanmi Levi a, se te Asabya,
pitit gason Kemwèl. Pou branch fanmi Arawon an, se te
Zadòk. **18** Pou branch fanmi Jida a, se te Eliyou, yonn
nan frè David yo. Pou branch fanmi Isaka a, se te Omri,
pitit gason Mikayèl. **19** Pou branch fanmi Zabilon an, se te
Ismaja, pitit gason Obadya. Pou branch fanmi Neftali a,
se te Jerimòt, pitit gason Azriyèl. **20** Pou branch fanmi
Efrayim lan, se te Oze, pitit gason Azazya. Pou mwatye
branch fanmi Manase a, se te Joèl, pitit gason Pedaja. **21**
Pou lòt mwatye branch fanmi Manase a, ki te rete nan
peyi Galarad, se te Ido, pitit gason Zakari. Pou branch
fanmi Benjamen an, se te Jasiyèl, pitit gason Abnè. **22**
Pou branch fanmi Dann lan, se te Azareyèl, pitit gason
Jeworam lan. Se yo ki te chèf branch fanmi pèp Izrayèl
yo. **23** David pa t' fè konte moun ki pa t' ankò gen ventan
sou tèt yo, paske Seyè a te pwomèt li t'ap fè pèp Izrayèl
la peple pou yo te rive menm kantite ak zetwal nan syèl
la. **24** Joab, pitit gason Sewouya a, te konmanse ap konte
moun nan pèp la, men li pa t' fin fè l' paske sa te lakòz
Bondye te fache sou pèp la. Se konsa yo pa mete nan
liv Istwa wa David la kantite moun yo te jwenn. **25** Se
Azmavèt, pitit gason Adiyèl la, ki te reskonsab trezò wa a.
Se Jonatan, pitit Ozyas la, ki te reskonsab tout depo ki te
nan jaden, nan lavil, nan ti bouk ak sou fwontyè yo. **26** Se
Ezri, pitit gason Keloub la, ki te reskonsab tout moun ki
t'ap okipe jaden wa a. **27** Se Chimeyi, moun lavil Rama, ki
te reskonsab tout jaden rezen yo. Se Zabdi, moun lavil
Chefam ki te reskonsab tout depo diven yo te fè ak rezen
yo te ranmase nan jaden yo. **28** Se Baal anan, moun
lavil Gedè, ki te reskonsab tout pye oliv ak pye sikomò
ki te nan basrak yo. Se Joach ki te reskonsab depo lwil
yo. **29** Se Chitrayi, moun Sawon, ki te reskonsab tout bèf
yo t'ap gade nan zòn Sawon an. Se Chafat, pitit gason
Adlayi, ki te reskonsab bèf yo t'ap gade nan fon yo. **30** Se
Obil, moun fanmi Izmayèl yo, ki te reskonsab chamo yo.
Se Jekdeja, moun lavil Mewonòt, ki te reskonsab fenmèl
bourik yo. **31** Se Jazis, moun peyi Aga, ki te reskonsab
mouton ak kabrit yo. Se tout moun sa yo ki te jeran tout

byen wa David yo. 32 Jonatan, tonton David, te yon
konseye. Se te yon moun lespri ki te fò anpil. Jekiyèl,
pitit Akmoni, te reskonsab levasyon tout pitit gason wa
a. 33 Akitofèl te konseye wa a tou. Ouzayi, moun peyi
Ak, te bon zanmi wa a. 34 Lè Akitofèl mouri, se Abyata
ak Jeojada, pitit Benaja, ki vin konseye wa a. Joab te
kòmandan lame wa a.

28 David mande pou tout otorite peyi Izrayèl la reyini
lavil Jerizalèm. Se konsa tout chèf branch fanmi yo,
tout chèf gwoup ki te reskonsab dirije peyi a pou wa a,
tout kòmandan rejiman mil sòlda yo ak kòmandan divizyon
san sòlda yo, jeran tout tè ak gadò tout bèt ki pou wa a ak
pou pitit li yo, moun konfyans li yo, chèf lame li yo ak tout
vanyan sòlda li yo, yo tout reyini lavil Jerizalèm. 2 David
kanpe devan yo tout, li di yo konsa: -Frè m' yo ak nou tout
moun nan pèp mwen an, koute sa m'ap di nou. Mwen te
fè lide bati yon kay kote pou Bwat Kontra Seyè a rete,
yon kay kote Seyè a ka mete fotèy li. Mwen te pare tout
bagay pou bati kay la. 3 Men, Bondye te fè m' konnen
mwen p'ap ka bati kay la pou li paske se sòlda mwen ye,
mwen fè twòp san koule. 4 Men se mwen menm Seyè a,
Bondye Izrayèl la, te chwazi nan mitan tout fanmi m' yo
pou fè m' wa peyi Izrayèl la pou tout tan. Li te chwazi
branch fanmi Jida a pou pran kòmandman peyi a. Nan
branch fanmi Jida a, li chwazi fanmi papa m'. Nan fanmi
papa m', sa te fè l' plezi pou l' chwazi m' pou l' mete m' wa
sou tout peyi Izrayèl la. 5 Koulye a, Seyè a te ban mwen
anpil pitit. Men, nan tout pitit sa yo li chwazi Salomon pou
chita sou fotèy la pou gouvènen pèp Izrayèl la ak pouvwa
l'ap ba li. 6 Seyè a te di m' tou: Se Salomon, pitit gason
ou lan, ki va bati kay mwen an ak tout lakou yo. Se li
menm mwen chwazi pou pitit mwen. M'a yon papa pou li.
7 M'ap fè gouvènman l' lan kanpe fèm pou tout tan, depi li
menm li toujou kenbe lòd mwen, depi li toujou mache
dapre kòmandman m' yo jan l'ap fè l' jòdi a. 8 Koulye a,
devan tout pèp Izrayèl la, pèp Bondye a ki sanble isit la,
ak devan Bondye nou k'ap koute nou an, mwen mande
pou nou kenbe tout kòmandman Seyè a, Bondye nou
an, ban nou pou bèl peyi nou sa a toujou rete pou nou.
Konsa, nou ka kite l' pou pitit nou yo jouk sa kaba. 9 Ou
menm, Salomon, pitit mwen, se pou ou rekonèt Bondye
papa ou la. Se pou ou sèvi l' ak tout kè ou, avèk bon
santiman, paske Seyè a sonde kè tout moun, li konnen
tou sa k'ap pase nan tèt yo. Konsa, si ou chache l', l'ap
kite ou jwenn li. Men, si ou vire do ba li, l'ap lage ou nèt
tou pou tout tan. 10 Se pou ou rekonèt se Seyè a menm
ki chwazi ou pou bati yon kay pou mete apa pou li. Mete
gason sou ou! Antre nan travay! 11 Apre sa, David bay
Salomon plan tout kay tanp lan, plan tout chanm ak tout
depo yo, plan tout lòt chanm sou anwo yo, chanm anndan
yo ak plan gwo chanm yo mete apa pou Bondye a, kote
yo fè sèvis pou mande padon pou peche yo. 12 Li ba li
plan tout bagay li te gen nan tèt li pou lakou tanp yo, pou
tout chanm ki bay sou lakou yo, pou depo veso yo sèvi
nan tanp lan ak pou depo bagay yo ofri pou mete apa pou
Seyè a. 13 David te ba li tou jan pou li òganize prèt yo ak
moun Levi yo pou yo fè travay yo, jan pou yo fè tout sèvis
nan kay Seyè a, ak jan pou yo okipe tout veso Tanp lan.
14 Li di li konbe ajan ak lò la bezwen pou fè veso yo, 15
pou chak lanp, pou chak gwo lanp sèt branch an ajan
osinon an lò ak pèz yo chak dwe genyen dapre sèvis
yo, 16 pou chak tab an ajan osinon an lò kote pou yo
ranje pen yo mete apa pou Seyè a. 17 Li di li konbe lò l'a
bezwen pou fè fouchèt yo, bòl yo, gwo gode yo, ak modèl
lòt veso an ajan osinon an lò dapre pèz yo chak. 18 Li di l'
konbe bon lò l'ap bezwen pou fè lotèl lansan an, ak lò pou
fè kabwa a, pou pòtre zanj cheriben yo ak zèl yo louvri
sou Bwat Kontra Seyè a. 19 David di li: -Tout plan travay
la ekri an detay nan yon liv dapre lòd Seyè a menm te
ban mwen. Li esplike m' tou sa pou m' fè. 20 Apre sa, wa
David di Salomon, pitit li a: -Mete gason sou ou! Pran
kouraj, pitit mwen! Fè sa ou gen pou fè a! Pa kite anyen
fè ou pè, paske Seyè a, Bondye mwen an, kanpe la avè
ou, jouk tout travay pou sèvis Tanp lan fini. 21 Gwoup prèt
yo ak gwoup moun Levi yo deja resevwa travay pou yo
fè nan Tanp lan. Pou tout lòt travay yo, ou gen avè ou
ouvriye ki vle ede ou, lèfini ki gen ladrès nan tout kalite
djòb. Chèf yo ak tout pèp la ap tann lòd ou pou tout bagay
fèt.

29 Lèfini, David pale ak tout moun ki te sanble la yo, li
di yo konsa: -Salomon, pitit gason m' lan, se li menm
Bondye chwazi, men li jenn anpil, li pa gen esperyans.
Travay la anpil, paske se pa yon kay pou moun li pral
bati, men yon tanp pou Bondye, Seyè a. 2 Mwen fè sa m'
te kapab pou m' te pare materyo pou tanp lan: lò, ajan,
kwiv, fè, bwa, bèl pyè oniks, bèl pyè pou sèvi ganiti, pyè
malachit ak tout kalite lòt koulè, tout kalite bèl pyè koute
chè ak mab an kantite. 3 Men, pou mete sou tou sa mwen
pare pou kay n'ap mete apa pou Seyè a, mwen pran lò
ak ajan mwen te genyen, mwen bay tout paske mwen
renmen kay Bondye a anpil: 4 sanmil (100.000) kilo bon
lò ki soti nan peyi Ofi, ak desantrant (230) kilo bon ajan
pou dekore miray Tanp lan, 5 pou fè tout bèl bagay an lò
osinon an ajan bòs atizan yo gen pou fè. Koulye a, kilès
ankò ki vle bay ak tout kè li pou Bondye? 6 Lè sa a, chèf
branch fanmi yo, chèf chak fanmi pèp Izrayèl la, tout chèf
rejiman mil sòlda yo ak chèf divizyon san sòlda yo, ak
tout jeran ki t'ap travay pou wa a, fè kado yo te vle fè.
7 Yo bay sanswasannsenk (165) kilo lò, twasantrantmil
(330.000) kilo ajan, sètsanmil (700.000) kilo kwiv konsa,
ak twa milyon twasanmil (3,300.000) kilo fè pou travay
Tanp lan. 8 Sa ki te gen bèl pyè koute chè bay yo pou
trezò Tanp lan ki te sou kont Jeyèl, yon moun Levi nan
fanmi Gèchon an. 9 Pèp la menm te kontan bay sa yo
t'ap bay pou Seyè a paske yo te fè l' ak tout kè yo. Wa
David tou te kontan anpil. 10 Lè sa a, David fè lwanj
Bondye devan tout pèp la ki te reyini. Li di konsa: -Lwanj
pou ou, Seyè a, Bondye Izrayèl, papa nou, depi tout tan

ak pou tout tan! **11** Seyè, ou gen pouvwa, ou gen kouraj!
Se pou ou tout lwanj. W'ap donminen sou tout bagay pou
tout tan. Tou sa ki nan syèl la ak sou latè a se pou ou
yo ye. Se ou menm Seyè ki sel wa, paske ou sèl chèf
sou tout bagay. **12** Se nan men ou tout richès ak tout
byen soti. Ou gouvènen tout bagay avèk fòs ponyèt ou ak
pouvwa ou. Se ou menm ki bay tout moun pouvwa ak
fòs. **13** Koulye a, Bondye nou, nou di ou mèsi. N'ap fè
lwanj pou ou sitèlman ou gen pouvwa. **14** Men, kisa m'
ye, kisa pèp mwen an ye menm, pou m' ta kapab ofri ou
tout bagay sa yo ak tout kè nou? Se nan men ou tout
bagay sa yo soti, se nan sa nou resevwa nan men ou
n'ap ba ou. **15** Seyè, ou konnen, devan ou se pase n'ap
pase tankou moun k'ap vizite, menm jan ak tout zansèt
nou yo. Lavi nou sou latè tankou yon nwaj k'ap pase. Wè
pa wè fòk nou mouri. **16** Seyè, Bondye nou, nou pare
tout richès sa yo pou bati yon kay pou ou, ou menm ki
yon Bondye apa. Men, se nan men ou yo tout yo soti, se
pou ou yo tout ye. **17** Mwen konnen, Bondye mwen, ou
sonde kè tout moun, ou kontan ak moun ki mache dwat.
Se poutèt sa, ak tout kè mwen, mwen ofri ou tout bagay
sa yo. Koulye a mwen wè jan pèp ou a ki sanble isit la,
kontan pou yo pote ofrann pa yo pou ou tou ak tout kè yo.
18 Seyè, Mèt, Bondye Abraram, Bondye Izarak ak Bondye
Izrayèl, Bondye zansèt nou yo, tanpri, fè pèp ou a pa janm
pèdi bon santiman sa yo ki nan kè yo jòdi a. **19** Tanpri,
bay Salomon, pitit gason m' lan, bon santiman tou pou li
renmen ou nèt ale, pou li ka mache dapre lòd, regleman
ak kòmandman ou yo nan tou sa l'ap fè, pou l' ka bati
Tanp lan avèk tout materio mwen fin pare yo. **20** Apre sa
David pale ankò ak tout pèp la ki te reyini, li di yo: -Annou
fè lwanj pou Seyè a, Bondye nou an! Tout pèp la nèt pran
fè lwanj Seyè a, Bondye zansèt yo. Yo mete jenou yo atè,
yo bese tèt yo byen ba devan Seyè a ak devan wa a. **21**
Nan denmen, yo ofri bèt pou yo touye pou Seyè a, yo
boule kèk bèt nèt pou Seyè a: antou mil (1.000) ti towo
bèf, mil (1.000) belye mouton, mil (1.000) jenn ti mouton
ak ofrann diven ki fèt pou mache ak yo. Yo touye yon
pakèt lòt bèt yo tè ofri bay Bondye pou pèp Izrayèl la.
22 Jou sa a, yo manje, yo bwè ak gwo kè kontan dèvan
Seyè a. Apre sa yon dezyèm fwa, yo fè deklarasyon yo
rekonèt Salomon, pitit David la, pou wa yo. Yo fè sèvis
mete l' apa pou l' chèf yo nan non Seyè a. Menm lè a,
yo mete Zadòk apa pou l' sèvi granprèt nan non Seyè a
tou. **23** Se konsa Salomon pran plas David, papa l', sou
fotèy gouvènman Seyè a te tabli a. Tout zafè l' te mache
byen. Tout pèp Izrayèl la te obeyi l'. **24** Tout chèf yo,
tout sòlda yo ansanm ak tout lòt pitit David yo te rekonèt
Salomon pou sèl chèf yo. **25** Seyè a te bay Salomon yon
bèl pozisyon devan pèp la. Li te fè gouvènman Salomon
an kanpe fèm ak yon pouvwa ankenn lòt wa nan peyi
Izrayèl la pa t' janm genyen anvan sa. **26** David, pitit
gason Izayi a, te gouvènen tout peyi Izrayèl la. **27** Li pase
karantan ap gouvènen pèp Izrayèl la. Pandan sètan li te
rete lavil Ebwon. Pandan rès tranntwazan yo, li te rete
lavil Jerizalèm. **28** Lè li mouri, li te granmoun anpil, men
kè li te kontan. Li te gen anpil richès. Tout moun t'ap fè
lwanj pou li. Se Salomon, pitit gason l' lan, ki moute wa
nan plas li. **29** Se nan liv istwa pwofèt Samyèl, liv istwa
pwofèt Natan ak liv istwa pwofèt Gad nou jwenn istwa tou
sa David te fè depi nan konmansman jouk li mouri. **30**
Liv sa yo fè nou konnen jan li te gouvènen, jan li te yon
vanyan gason, ansanm ak tou sa ki te rive l', tou sa ki
pase nan peyi Izrayèl la ak nan lòt peyi yo tou.

2 Istwa

1 Salomon, pitit gason wa David la, chita otorite
gouvènman l'. Seyè a, Bondye li a, te kanpe la avè l',
li te ba li anpil pouvwa. **2** Wa Salomon fè rele tout pèp
Izrayèl la, kòmandan rejiman mil sòlda yo, kòmandan
divizyon san sòlda yo, jij yo, tout anplwaye gouvènman an
ak tout chèf fanmi yo. **3** Li ba yo lòd pou yo ale avè l' kote
yo fè sèvis pou Bondye lavil Gabawon an, paske se la
Tanp Randevou Bondye a te ye, tant Moyiz, sèvitè Seyè
a, te fè lè yo te nan dezè a. **4** Men, David te fè yo pran
Bwat Kontra a lavil Kiriyat-Jearim pou yo pote l' moute
lavil Jerizalèm. Depi lè sa a, li te anba yon tant wa David
te fè pou li. **5** Gwo lotèl kwiv Bezaleyèl, pitit Ouri, pitit pitit
Our la, te fè a te lavil Gabawon tou devan Tant Randevou
Seyè a. Se la wa Salomon ak tout pèp la vin pale ak Seyè
a. **6** Devan Tant Randevou Seyè a, Salomon moute sou
lotèl kwiv la, li touye mil bèt li fè boule nèt sou lotèl la. **7**
Jou lannwit sa a, Bondye parèt devan Salomon, li di l'
konsa: -Mande m' sa ou vle, m'ap ba ou li. **8** Salomon
reponn li: -Ou te toujou moutre jan ou te renmen David,
papa m', sèvitè ou la, anpil. Koulye a, se mwen menm ou
mete nan plas li pou gouvènen. **9** O Seyè, Bondye, kenbe
pwomès ou te fè papa m' lan! Ou mete m' wa pou m'
gouvènen yon pèp ki gen anpil anpil moun ladan l'. Yo pi
plis pase grenn pousyè tè. **10** Se poutèt sa, ban mwen
konesans ak bon konprann pou m' ka gouvènen pèp sa a.
Si se pa sa, mwen pa wè ki jan m'a fè pou m' gouvènen
pèp ou a ak tout moun sa yo ladan l'. **11** Bondye reponn
Salomon: -Depi se sa ou wè ou ta renmen genyen! Ou
pa mande m' ni richès, ni byen, ni lwanj pou ou. Ou pa
mande m' lanmò pou lènmi ou yo, ni ou pa mande m'
pou ou sa viv lontan. Ou annik mande m' konesans ak
bon konprann pou ou ka kondi pèp mwen an, pèp mwen
mete ou gouvènen an. **12** M'ap ba ou konesans ak bon
konprann. Men an plis, m'ap ba ou richès, byen ak lwanj
pase tout wa ki te la anvan ou, pase tout wa ki va vin
apre ou. **13** Apre sa, Salomon kite kote yo konn fè sèvis
pou Bondye lavil Gabawon an, kote Tant Randevou a
te ye a, li tounen lavil Jerizalèm. Se la li gouvènen pèp
Izrayèl la. **14** Li te sanble milkatsan (1.400) cha lagè ak
douzmil (12.000) chwal pou sòlda kavalye li yo. Li mete
yon pòsyon ladan yo nan lavil li te fè bati espre pou yo.
Rès yo, li mete yo toupre l' lavil Jerizalèm. **15** Pandan tout
rèy li, ajan ak lò te tankou wòch lavil Jerizalèm. Bwa sèd
menm, ou te jwenn sa an kantite tankou pye sikomò nan
rakbwa ki nan plenn peyi Jida yo. **16** Chwal Salomon yo
te soti nan peyi Moukri ak nan peyi Silisi. Wa a te gen
moun pa l' ki te konn al achte chwal yo la pou li. **17** Chak
cha lagè yo te achte nan peyi Lejip te koute sisan (600)
pyès ajan, chak chwal te koute sansenkant (150) pyès
ajan. Se menm moun sa yo ki te konn al achte pou revann
wa peyi Et yo ak wa peyi Siri yo.

2 Wa Salomon te deside bati yon kay kote pou yo fè
sèvis pou Seyè a, ansanm ak yon palè pou l' rete. **2** Li
mete swasanndimil (70.000) moun ap travay pote materyo,
katrevenmil (80.000) moun ap taye wòch nan mòn. Te
gen twamilsisan (3.600) moun reskonsab kontwole travay
la. **3** Salomon voye misyon bay Iram, wa lavil Tir. Li di l': -
Annou fè zafè yonn ak lòt tankou ou te fè avèk wa David,
papa m', lè ou te vann li madriye sèd pou l' te bati yon
kay pou l' rete. **4** Mwen pral bati yon tanp pou Seyè a,
Bondye mwen an. Se pral yon kay n'ap mete apa pou li,
kote n'a boule lansan pou li, kote n'a toujou mete devan l'
pen y'ap ofri l' yo, kote chak maten chak aswè y'a ofri bèt
pou yo boule nèt pou li lè jou repo yo, lè lalin nouvèl, ak lè
lòt fèt nou fete pou Seyè a, Bondye nou an, jan li te bay
pou yo toujou fè l' nan peyi Izrayèl. **5** Men, se pou tanp
mwen pral bati a gwo anpil, paske Bondye nou an gen
plis pouvwa pase tout lòt bondye yo. **6** Lèfini, ki moun ki
ka rive bati yon kay vre pou Bondye, si syèl la, atout li
gwo a, twò piti pou li? Mwen menm, kisa m' ye pou m'
ta bati yon kay pou li? Se annik yon kote pou m' boule
lansan pou li m'ap fè. **7** Se konsa, voye ban mwen yon
bòs ki gen ladrès pou travay lò, ajan, kwiv, fè, yon bòs ki
konn koupe twal ble, twal violèt ak twal wouj, bòs ki konn
travay bwa ak wòch tou. L'a travay ansanm ak bòs atizan
mwen gen avè m' nan peyi Jida ak lavil Jerizalèm yo,
moun David, papa m', te chwazi pou sa. **8** W'a voye ban
mwen madriye sèd, bwapen ak bwa koray ki soti nan peyi
Liban. Paske mwen konnen moun peyi ou yo konn pare
bwa sa yo byen. M'a voye moun pa m' ede pa ou yo **9**
pou yo ka pare yon bon kantite bwa, paske se pou tanp
mwen fè lide bati a gwo anpil, se pou l' yon bèl bagay. **10**
Men pwovizyon m'ap voye pou moun ou yo k'ap koupe
pyebwa yo ak pou moun k'ap siye yo: sanmil (100.000)
barik ble, sanmil (100.000) barik lòj, sandimil (110.000)
galon diven ak sandimil (110.000) galon lwil oliv. **11** Lè sa
a, wa Iram ekri yon lèt voye reponn Salomon. Li di l' nan
lèt la: -Se paske Seyè a renmen pèp Izrayèl la kifè li mete
ou wa pou gouvènen yo. **12** Lwanj pou Seyè a, Bondye
pèp Izrayèl la, li menm ki fè syèl la ak latè a! Paske li bay
wa David yon pitit gason ki gen anpil bon konprann, anpil
lespri epi ki veye tou sa l'ap fè, yon pitit ki koulye a fè lide
bati yon tanp pou Seyè a ansanm ak yon palè pou tèt pa
l'. **13** M'ap voye yon moun ki gen bon konesans ak ladrès
ba ou. Se bòs Iram. **14** Manman li se moun branch fanmi
Dann. Papa l' se natif natal lavil Tir. Li konn jan pou travay
lò, ajan, kwiv, fè, wòch, bwa. Li konn jan pou koupe tou
twal fin wouj, ble ak violèt, ak twal lenn tou. Li konn grave
tout kalite desen, li ka fè tout kalite travay ou mande l' fè.
L'a travay ansanm ak bòs pa ou yo, ak bòs wa David,
papa ou, mèt mwen an, te genyen. **15** Koulye a, ou mèt
voye ban nou ble, lòj, diven ak lwil oliv ou te di w'ap voye
yo. **16** Nou menm bò pa nou, nou pral koupe mezi bwa
nan peyi Liban ou ka bezwen. N'a pote yo sou lanmè ba
ou lavil Jope, n'a mare yo ansanm fè rado. Rive la, ou
menm w'a fè pran yo pote moute lavil Jerizalèm. **17** Lè sa

a, Salomon fè konte mete sou lis tout moun lòt nasyon
ki t'ap viv nan peyi Izrayèl la, menm jan David, papa l',
te fè l' la. Li jwenn sansenkanntwamil sisan (153.600)
moun. 18 Li pran swasanndimil (70.000) ladan yo pou
pote materyo, katrevenmil (80.000) pou taye wòch nan
mòn yo. Lèfini, li pran twamilsisan (3.600) ki rete yo, li
mete yo fòmann reskonsab pou fè pèp la travay.

3 Salomon tanmen bati Tanp Seyè a lavil Jerizalèm sou
mòn Morija a, kote Seyè a te parèt devan David, papa
l', sou anplasman David te pare pou sa a, ki vle di kote
Onan, moun Jebis la, te gen glasi l' la. 2 Lè sa a, Salomon
te gen twazan yon mwa de jou depi li te wa. 3 Salomon te
bati Tanp lan sou yon fondasyon ki te gen katrevendis
pye longè sou trant pye lajè. 4 Gwo pyès ki te devan
Tanp lan te gen trant pye lajè menm jan ak Tanp lan, ak
sankatreven (180) pye wotè. Salomon te fè kouvri tout
miray anndan pyès la ak bon lò. 5 Li plake planch bwapen
sou tout anndan gwo pyès la. Li kouvri tout bwa yo nèt ak
bon lò. Lèfini, li fè yo mete pòtre pye palmis ak ti chenn. 6
Li dekore l' ak bèl pyè koute chè. Yo te sèvi ak bon kalite
lò ki soti peyi Pavayim. 7 Li kouvri tout anndan Tanp lan
ak lò: travès yo, ankadreman pòt yo, palisad yo ak pòt yo
menm. Sou tout palisad yo, li fè mete pòtre zanj cheriben.
8 Yo bati tou pyès ki apa nèt pou Seyè a. Li te gen trant
pye lajè, menm jan ak Tanp lan, ak trant pye longè, kare
kare. Yo sèvi ak venmil (20.000) kilo lò pou kouvri tout
anndan l'. 9 Klou yo te sèvi yo te fèt an lò tou. Yo chak te
peze senksan (500) gram. Yo kouvri tout miray anndan
pyès anwo yo tou ak lò. 10 Nan pyès ki apa nèt pou Seyè
a, li fè fè de estati zanj cheriben. Li fè kouvri yo ak lò nèt.
11 -(we vèsè pwochen) 12 -(we vèsè pwochen) 13 Yo te
mete zanj yo kanpe yonn bò kote lòt, ak figi yo bay sou
pòt antre pyès la. Yo chak te gen de zèl. Chak zèl te gen
sèt pye edmi longè. Zèl yo te louvri. Pwent zèl anndan yo
touche yonn ak lòt nan mitan pyès la, de pwent zèl deyò
yo touche ak de miray sou kote yo. Konsa, longè tout
zèl yo ansanm te bay trant pye. 14 Li fè yo fè yon rido
pou pyès ki apa nèt pou Seyè a ak twal ble, twal wouj,
twal violèt. Li fè bwode pòtre zanj cheriben sou rido a
tou. 15 Salomon fè fè de gwo poto won. Yo chak te gen
senkannde pye wotè. Li mete yo kanpe devan Tanp lan.
Tèt poto yo te mezire sèt pye edmi wotè. 16 Li fè ti chenn
mare yonn ak lòt, li mete yo fè wonn anwo tèt poto yo
ansanm ak pòtre grenad li mare nan ti chenn yo. 17 Li
mete poto yo devan Tanp lan, yo yonn chak bò pòtay la.
Yo rele sa ki te bò dwat la Jakin, sa ki te bò gòch la Boaz.

4 Salomon fè fè tou yon lotèl kwiv kare kare, ki te mezire
trant pye lajè sou trant pye longè ak kenz pye wotè. 2
Li fè fè ankò yon gwo basen an kwiv tou won pou mete
dlo. Basen lan te mezire kenz pye lajè ak sèt pye edmi
wotè. Le ou mezire wonn li, li ba ou karannsenk pye. 3
Sou tout wonn basen lan sou deyò, te gen de ranje pòtre
ki sanble pòtre bèf. Yo te an kwiv, yon ti jan anba rebò a.
Te gen dis pòtre pou chak pye edmi. Yo te fè yon sèl kò
ak basen lan. Yo te koule yo ansanm. 4 Basen lan te
chita sou do douz towo fèt an kwiv. Fas yo bay sou deyò,
fas twa bay sou solèy leve, fas twa bay sou bò nò, fas twa
bay sou solèy kouche ak fas twa bay sou bò sid. Basen
lan menm te chita sou dèyè yo ki te bay sou anndan. 5
Rebò basen lan te gen twa pous epesè. Rebò a te tankou
rebò yon tas. Li te fè yon ti vire sou deyò tankou yon flè ki
louvri. Basen lan te ka kenbe kenzmil (15.000) galon dlo
konsa. 6 Li fè fè dis lòt basen an kwiv. Li mete senk sou
bò dwat ak senk sou bò gòch. Se la yo te lave vyann bèt
yo te gen pou boule nèt sou lotèl la. Prèt yo menm te sèvi
ak dlo ki te nan gwo basen lan pou lave kò yo. 7 Salomon
fè fè dis gwo lanp sèt branch an lò, dapre jan pou yo te fè
yo a. Li mete yo nan Tanp lan, senk sou bò gòch, senk
sou bò dwat. 8 Li fè fè dis tab pou mete nan Tanp lan
tou, senk sou bò gòch, senk sou bò dwat. Li fè fè san
bòl an lò. 9 Li fè yo bati lakou anndan an pou prèt yo ak
gwo lakou a ak tout pòtay li yo. Tout pòtay yo te kouvri ak
kwiv. 10 Li fè mete gwo basen lan menm sou bò dwat
Tanp lan, nan kwen sidès la. 11 Iram te fè plato pou sann
dife, pèl ak kivèt. Se konsa li te fin fè tout travay Salomon
te mande l' fè pou Tanp Seyè a. 12 Men sa li te fè: de
gwo poto won yo, de blòk won yon ti jan pi gwo pou ale
sou tèt poto yo, ak desen ti chenn mare yonn ak lòt ki te
kouvri de blòk tèt poto yo, 13 katsan (400) pòtre grenad
ki pou ale sou de ran nan desen ki kouvri blòk won ki
sou tèt poto yo, 14 dis kabwa yo, dis basen ki pou ale
sou kabwa yo, 15 yon gwo basen tou won pou mete dlo,
douz towo pou soutni basen lan, 16 plato pou sann yo,
pèl yo ak fouchèt yo. Bòs Iram te fè tout bagay sa yo an
kwiv poli pou Tanp Seyè a, dapre lòd li te resevwa nan
men wa Salomon. 17 Wa a te fè fonn yo nan moul tè
nan fon Jouden an, ant lavil Soukòt ak lavil Zaretan. 18
Te sitèlman gen anpil bagay fèt an kwiv, Salomon pa t'
chache konn pèz yo. 19 Salomon fè fè tout mèb an lò yo
te bezwen pou Tanp lan: lotèl la, tab pou pen yo mete apa
pou Bondye yo, 20 gwo lanp sèt branch yo ak tèt lanp fèt
ak bon lò yo ki fèt pou limen devan pyès yo mete apa
nèt pou Seyè a, jan pou yo fè l' la, 21 flè yo, lanp yo ak
pensèt pou gwo lanp sèt branch yo, 22 kouto yo, gode yo,
bòl yo, recho pou pote chabon tou limen yo. Tout bagay
sa yo te fèt ak bon jan lò. Batan pòt ki bay sou deyò Tanp
lan ak batan pòt ki bay sou pyès ki apa nèt pou Seyè a te
kouvri nèt ak lò tou.

5 Lè wa Salomon te fin fè travay bati tanp Seyè a, li
fè yo pote tout ajan, tout lò ansanm ak tout lòt bagay
David, papa l', te ofri bay Seyè a. Li fè mete yo nan chanm
trezò Tanp lan. 2 Apre sa, Salomon bay lòd pou tout gwo
chèf pèp Izrayèl yo ansanm ak tout chèf branch fanmi
yo ak lòt chèf fanmi pèp Izrayèl la sanble devan l' lavil
Jerizalèm pou yo al pran Bwat Kontra Seyè a nan lavil
David la, lavil Siyon an, pou yo pote l' nan Tanp lan. 3
Pandan fèt Joupa yo, nan setyèm mwa a, tout pèp Izrayèl
la reyini ansanm ak wa Salomon. 4 Lè tout chèf pèp
Izrayèl yo fin reyini, moun Levi yo pran Bwat Kontra a, 5

yo pote l' nan Tanp lan ansanm ak Tant Randevou Seyè a
ak tout bagay yo te mete ladan l' apa pou Seyè a. Se prèt
yo ak moun Levi yo ki te pote yo. 6 Wa Salomon ansanm
ak tout pèp Izrayèl la sanble devan Bwat Kontra a. Yo
touye bèf, kabrit ak mouton an kantite pou Bondye. Moun
pa t' ka konte konbe bèt yo te touye jou sa a sitèlman yo
te anpil. 7 Lè yo fini, prèt yo pote Bwat Kontra a nan pyès
ki apa nèt pou Seyè a anndan tanp lan, yo mete l' nan
mitan de pòtre zanj cheriben yo. 8 Zèl zanj cheriben yo te
louvri, yo te kouvri tout kote Bwat Kontra a ye a ansanm
ak poto ki sèvi pou pote l' yo. 9 Si yon moun kanpe sou
devan pyès ki apa nèt pou Seyè a, yo ka wè pwent poto
yo nan kote ki apa pou Bondye a tèlman yo te long. Men,
ou pa ka wè yo lòt kote ankò. Jouk koulye a poto yo la
toujou. 10 Nan Bwat Kontra a pa t' gen pase de moso
wòch plat Moyiz te mete ladan l' yo depi sou mòn Orèb la.
Se sou mòn sa a Seyè a te pase kontra a ak moun pèp
Izrayèl yo lè yo t'ap soti kite peyi Lejip la. 11 Prèt yo soti
nan pyès ki apa nèt pou Seyè a. Tout prèt ki te la yo te
mete yo nan kondisyon pou yo fè sèvis pou Bondye, san
yo pa tann tou pa yo pou yo pran sèvis. 12 Tout moun
Levi ki te sanba yo, depi Asaf, Eyman ak Jedoutoun jouk
tout pitit yo ak lòt fanmi yo, te kanpe sou bò solèy leve
lotèl la ak rad blan sou yo. Yo te gen senbal, bandjo, gita.
Lèfini, te gen sanven (120) prèt bò kote yo ki t'ap kònen
twonpèt. 13 Lè tout moun sa yo mete ansanm pou yo
pran kònen twonpèt, pou yo chante fè lwanj Bondye, pou
di li mèsi, nan mitan bèl mizik yo t'ap jwe nan twonpèt ak
senbal ak lòt enstriman mizik yo, ou tande vwa moun yo ki
t'ap chante: Lwanj pou Seyè a, paske li bon! Li p'ap janm
sispann renmen nou! Lè sa a, nwaj la plen Tanp Seyè a
nèt. 14 Poutèt nwaj la, prèt yo pa t' ka rete fè sèvis yo,
paske limyè prezans Seyè a te plen Tanp lan nèt.

6 Lè sa a, Salomon di konsa: -Seyè, ou di ou pito viv
kote ki fè nwa. 2 Koulye a, mwen bati yon tanp pou ou
ka rete, yon kay kote ou pral viv pou tout tan. 3 Lèfini, wa
a vire, li bay pèp Izrayèl la fas. Tout pèp la te kanpe. Li
mande benediksyon Bondye pou pèp la, 4 li di: -Lwanj
pou Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la! Avèk fòs kouraj li,
li kenbe pwomès li te fè David, papa m' lan, lè li te di l'
konsa: 5 Depi jou mwen te fè pèp mwen an soti kite peyi
Lejip, mwen pa janm chwazi yon lavil nan tout peyi pèp
Izrayèl la pou yo bati yon tanp ladan l' pou mwen rete,
ni mwen pa t' chwazi pesonn pou gouvènen pèp mwen
an, pèp Izrayèl la. 6 Men koulye a, mwen chwazi lavil
Jerizalèm pou se la yo fè sèvis pou mwen, lèfini mwen
chwazi David pou li gouvènen pèp mwen an. 7 David,
papa m', te fè lide bati yon tanp pou Seyè a, Bondye pèp
Izrayèl la, 8 Men, Seyè a te di l': Ou byen fèt gen lide
bati yon kay pou mwen. 9 Men, se pa ou ki va bati l'. Se
pwòp pitit gason w'ap fè a ki va bati tanp lan pou mwen.
10 Koulye a, Seyè a kenbe pwomès li. Jan li te di l' la,
se mwen menm ki nan plas David, papa m'. Mwen chita
sou fotèy wa Izrayèl la. Mwen bati yon tanp pou Seyè a,
Bondye pèp Izrayèl la. 11 Lèfini, mwen fè yon plas ladan l'
pou Bwat Kontra Seyè a, kontra li te pase ak moun pèp
Izrayèl yo. 12 Apre sa, Salomon al kanpe devan lotèl
Seyè a, devan tout pèp Izrayèl la, li leve de men l' anlè
pou l' lapriyè. 13 Salomon te fè fè yon platfòm an kwiv. Li
fè yo mete l' nan mitan lakou a. Platfòm lan te kare kare,
wit pye longè, wit pye lajè ak senk pye wotè. Li moute sou
li, li mete ajenou devan tout pèp Izrayèl la. Li leve de men
l' anlè, 14 epi li di: -Seyè, ou menm ki Bondye pèp Izrayèl
la, pa gen Bondye tankou ou ni nan syèl ni sou latè. Ou
kenbe kontra ou te siyen ak pèp ou a. Ou moutre jan ou
renmen moun k'ap sèvi ou ak tout kè yo. 15 Ou te kenbe
pwomès ou te fè David, papa m', sèvitè ou la. Tou sa ou
te di w'ap fè, ou fè l' rive vre jòdi a ak fòs ponyèt ou. 16
Se poutèt sa, Seyè, Bondye pèp Izrayèl la, m'ap mande
ou pou ou kenbe lòt pwomès ou te fè David, papa m',
sèvitè ou la, lè ou te di l' va toujou gen yonn nan pitit li yo
pou gouvènen pèp Izrayèl la, depi yo veye jan y'ap mache
pou yo mennen bak yo devan ou jan li menm li te fè l' la.
17 Se konsa, Seyè, Bondye pèp Izrayèl la, fè tout bagay
rive jan ou te fè pwomès la bay David, sèvitè ou la. 18
Men, Bondye, èske ou ka rete tout bon sou latè ak moun?
Ata syèl la pa laj ase pou l' kenbe ou! Ale wè pou ti kay
mwen bati pou ou la a! 19 Seyè, Bondye m', tanpri, se
sèvitè ou mwen ye! Tanpri, tande jan m'ap lapriyè nan pye
ou. Koute jan m'ap rele nan zòrèy ou jòdi a. Tande jan
m'ap rele, jan m'ap lapriyè nan pye ou. 20 Lajounen kou
lannwit, voye je ou sou tanp lan, tanp kote ou te di w'ap
toujou la a. Koute lapriyè mwen menm, sèvitè ou la, m'ap
fè nan pye ou. 21 Wi, koute lapriyè m'ap fè ak lapriyè pèp
Izrayèl ou a ap fè nan pye ou isit la. Nan syèl kote ou rete
a, koute lapriyè nou, padonnen nou. 22 Lè y'a pote plent
pou yon moun ki fè frè l' yon bagay mal, si yo mande l'
pou l' fè sèman se pa vre, epi li vin fè sèman an devan
lotèl ou a, nan tanp sa a, 23 ou menm, Seyè ki nan syèl
la, w'a tande, w'a fè sa ki gen pou fèt la. W'a jije sèvitè ou
yo. W'a pini moun ki koupab la, w'a fè chatiman li merite a
tonbe sou tèt li. W'a fè rekonèt lè yon moun inonsan pou
yo ka rann li jistis. 24 Lè lènmi va bat pèp Izrayèl la paske
pèp la te peche kont ou, si yo tounen vin jwenn ou, si
yo fè lwanj pou ou, si yo vin lapriyè nan pye ou isit la
nan kay sa a, 25 tanpri, kote ou ye nan syèl la, koute
yo. Padonnen peche pèp Izrayèl ou a, fè yo tounen nan
peyi ou te ba yo ansanm ak zansèt yo a. 26 Lè va gen
chechrès nan peyi a san yon ti degout lapli, paske pèp la
te peche kont ou, si yo règrèt sa yo te fè a paske ou te
pini yo, si yo vin lapriyè isit la, si yo fè lwanj ou, 27 tanpri,
kote ou ye nan syèl la, koute yo. Padonnen peche sèvitè
ou yo ak peche moun pèp Izrayèl ou yo. Moutre yo bon
chemen pou yo pran an. Apre sa, Seyè, w'a voye lapli sou
peyi ou te bay pèp ou a pou l' rele l' pa l' la. 28 Lè va
gen grangou nan peyi a, osinon lè move maladi lapès va
tonbe sou li, lè plant yo va cheche nan van cho, lè krikèt
ak chwal bondye va ravaje jaden yo, lè lènmi va sènen
lavil nou yo pou atake pèp la, lè nenpòt maladi osinon
nenpòt malè va tonbe sou pèp la, 29 koute lapriyè y'ap fè

nan pye ou. Lè nenpòt moun osinon tout pèp la va lapriyè
nan pye ou, lè y'a règrèt sa yo fè a, lè y'a leve men yo
nan direksyon tanp lan pou yo lapriyè ou, 30 tanpri, kote
ou ye nan syèl kote ou rete a, koute lapriyè yo, padonnen
yo. Bay chak moun sa yo merite, paske ou konnen sa
ki nan kè yo. Se ou menm ki konnen sa ki nan fon kè
moun. 31 Wi, w'a bay chak moun sa yo merite, konsa pèp
ou a va gen krentif pou ou, y'a mache nan chemen ou
mete devan yo, pandan tout tan y'ap viv sou tè ou te bay
zansèt nou yo. 32 Menm lè yon moun lòt nasyon ki pa fè
pati pèp ou a soti byen lwen vini poutèt ou, paske li tande
jan n'ap nonmen non ou, li tande pale tout bèl bagay w'ap
fè avèk fòs kouraj ou, si li vin lapriyè nan tanp sa a, 33
tanpri, nan syèl kote ou rete a, koute lapriyè li. W'a fè pou
li tou sa li mande ou. Konsa, tout pèp sou latè va konnen
ou. Y'a gen krentif pou ou tankou pèp Izrayèl ou a gen
krentif pou ou. Y'a konnen tanp mwen bati pou ou a, se la
pou yo vin adore ou. 34 Lè pèp ou a va soti al goumen
kont lènmi l' yo, nenpòt ki bò w'a voye yo, lè y'a vire tèt yo
nan direksyon lavil ou chwazi a ak nan direksyon Tanp
mwen bati pou ou a pou yo lapriyè nan pye ou, 35 tanpri,
nan syèl kote ou rete a, koute lapriyè yo. Koute lapriyè
y'ap fè nan pye ou, defann kòz yo. 36 Lè pèp ou a va
peche kont ou, paske pa gen moun ki pa fè peche, lè w'a
move sou yo, lè w'a lage yo nan men lènmi yo ki va fè yo
prizonye, ki va depòte yo nan lòt peyi, li te mèt toupre, li
te mèt byen lwen, 37 antan yo la nan peyi kote lènmi yo
te depòte yo a, si yo règrèt sa yo te fè, si yo lapriyè nan
pye ou, si yo rekonèt yo te fè sa ki mal, si yo rekonèt yo
te peche, si yo rekonèt yo antò, 38 si yo tounen vin jwenn
ou ak tout kè yo ak tout nanm yo, antan yo nan peyi kote
lènmi te depòte yo a, si yo vire tèt yo nan direksyon peyi
ou te bay zansèt yo a, nan direksyon lavil ou te chwazi a,
nan direksyon Tanp mwen bati pou ou a, pou yo lapriyè
ou, 39 tanpri, koute lapriyè y'ap fè nan pye ou, kote ou ye
nan syèl kote ou rete a. Koute lapriyè yo, defann kòz yo.
Padonnen pèp ou a tout peche yo te fè kont ou yo. 40
Koulye a, Bondye mwen, louvri je ou, koute lapriyè n'ap fè
nan pye ou isit la. 41 Koulye a, leve non, Seyè, Bondye!
Vin kote pou ou pran repo a! Vini non ansanm ak Bwat
Kontra ou la ki fè wè jan ou gen pouvwa. Se pou prèt yo
fè konnen jan ou bay pèp ou a delivrans! Se pou tout pèp
ou a rele tèlman yo kontan! 42 Poutèt pwomès ou te fè
David, sèvitè ou la, tanpri, Seyè, pa vire do bay moun ou
te chwazi a!

7 Lè wa Salomon fin fè lapriyè sa a, dife desann soti
nan syèl la, li boule bèt yo te ofri sou lotèl la ak lòt
pòsyon vyann yo te ofri. 2 Anmenmtan an, limyè prezans
Seyè a te plen Tanp lan. 3 Lè tout moun pèp Izrayèl yo
wè dife desann soti nan syèl la ak bèl limyè prezans Seyè
a ki te klere tout anndan Tanp lan, yo mete ajenou, yo
bese tèt yo jouk fwon yo rive sou dal pave a, yo adore
Bondye, yo t'ap fè lwanj Seyè a, yo di l' mèsi paske li bon,
paske li p'ap janm sispann renmen yo. 4 Apre sa, wa
Salomon ansanm ak tout pèp Izrayèl ki te la a ofri bèt pou
yo touye pou Seyè a. 5 Wa Salomon te ofri venndemil
(22.000) towo ak sanvenmil (120.000) mouton pou mande
Bondye padon. Se konsa wa a ansanm ak tout moun pèp
Izrayèl yo te mete Tanp lan apa pou Seyè a. 6 Prèt yo te
rete nan plas yo te ba yo nan Tanp lan. Devan yo se te
moun Levi yo ki t'ap fè lwanj Seyè a ak enstriman mizik
wa David te fè fè pou jwe pandan y'ap chante chante ki
di: Paske li p'ap janm sispann renmen nou. Prèt yo t'ap
kònen twonpèt, tout pèp Izrayèl la menm te rete kanpe. 7
Menm jou sa a, Salomon mete mitan gwo lakou ki devan
Tanp Seyè a apa pou Bondye. Lèfini, se la li ofri bèt pou
boule nèt pou Seyè a, ak grès bèt yo te touye pou mande
Bondye padon, paske lotèl kwiv Salomon te fè fè a te twò
piti pou pran tout ofrann bèt yo te touye pou boule nèt
pou Seyè a, grenn jaden yo ak grès bèt yo te touye pou
mande Bondye padon. 8 Lè sa a, Salomon ansanm ak
tout pèp Izrayèl la fete fèt Joupa yo pandan sèt jou. Foul
moun te soti depi Pas Amat la nan nò jouk sou fwontyè ak
peyi Lejip la nan sid, yo vin fete la. 9 Yo pase sèt jou ap
fè sèvis pou mete lotèl la apa pou sèvis Bondye, lèfini yo
pase sèt jou ankò ap fè fèt. Sou wityèm jou fèt la, yo fè
yon gwo sèvis pou fèmen seremoni an. 10 Nan denmen,
ki vle di nan venntwazyèm jou setyèm mwa a, Salomon
voye tout moun tounen lakay yo. Yo tout t'ap fè fèt, yo
al lakay yo ak kè kontan, paske sa te fè yo plezi pou
wè tou sa Seyè a te fè pou David, pou Salomon ak pou
pèp Izrayèl li a. 11 Lè wa Salomon fin bati Tanp Seyè a
ansanm ak palè wa a, lè li fin fè tou sa li te gen lide fè nan
yo, 12 Seyè a fè Salomon wè l' ankò yon jou lannwit. Li di
l' konsa: -Mwen tande lapriyè ou fè nan pye m'. M' chwazi
kay sa a pou sèvi kote pou yo vin touye bèt pou mwen. 13
Si mwen ta rive fèmen syèl la pou lapli pa tonbe, si mwen
ta voye krikèt pou devore peyi a, si mwen ta voye move
maladi sou pèp la, 14 lè sa a si pèp ki pote non m' lan
lapriyè nan pye m', si yo soumèt devan mwen, si yo pran
chache m' ankò, si yo vire do bay vye peche yo t'ap fè
yo, m'ap tande yo nan syèl kote m' ye a, m'ap padonnen
peche yo, m'ap fè peyi a kanpe ankò. 15 Depi jòdi a, je m'
louvri, zòrèy mwen pare pou m' tande tout lapriyè y'ap fè
isit la. 16 Depi jòdi a, mwen chwazi kay sa a, mwen mete
l' apa pou mwen. Se la pou yo fè sèvis pou mwen. M'ap
veye l', m'ap pwoteje l' chak jou. 17 Ou menm pou tèt
pa ou, si ou mache devan m' tankou David, papa ou, si
ou fè tou sa mwen mande ou fè, si ou koute lòd ak bon
prensip mwen yo, 18 m'a kenbe gouvènman ou lan chita
jan mwen te pwomèt David, papa ou la, lè m' te di l' ap
toujou gen yon moun nan fanmi li ki pou gouvènen pèp
Izrayèl la. 19 Men, si ou menm osinon yonn nan pitit ou
yo vire do ban mwen, si nou pa fè sa m' mande nou fè, si
nou pa koute lòd mwen ban nou, si n al sèvi lòt bondye, si
n' al adore lòt bondye, 20 lè sa a, m'ap wete pèp Izrayèl
la nan peyi mwen ba yo a. M'ap vire do bay tanp mwen
te mete apa tankou kote pou yo fè sèvis pou mwen an.
Moun toupatou va pase l' nan betiz, y'a fè chante sou li.
21 Kay sa a ki te sitèlman bèl pral tounen yon pil mazi.

Tout moun ki va pase bò la a va sezi, y'a mete men nan
bouch, y'a mande poukisa Seyè a fè peyi a ak tanp lan
sa. 22 Y'a reponn: Se paske yo te vire do bay Seyè a,
Bondye zansèt yo a, ki te fè yo soti kite peyi Lejip. Yo
kouri dèyè lòt bondye, yo fè sèvis pou yo, yo adore yo. Se
poutèt sa Seyè a te voye gwo malè sa a sou yo.

8 Wa Salomon te pran ventan pou l' bati kay Seyè a ak
kay pa li a. 2 Li rebati tout lavil wa Iram te ba li, li voye
moun pèp Izrayèl al rete ladan yo. 3 Apre sa, li al atake
lavil Amat nan Zoba, li pran li. 4 Li rebati lavil Tadmò nan
dezè a ansanm ak tout lavil nan zòn Amat la pou sevi
depo pwovizyon. 5 Salomon rebati Bètowon anwo ak
Bètowon anba, li byen pwoteje yo ak miray ranpa, gwo
pòtay ak ba pou fèmen yo. 6 Li rebati lavil Balat, tout lavil
kote li te fè depo pwovizyon, tout lavil kote yo te gade
chwal li yo ansanm ak cha lagè yo. Li bati tou sa li te
fè lide bati nan lavil Jerizalèm, nan peyi Liban ak nan
tout lòt peyi ki te sou zòd li yo. 7 -(we vèsè pwochen) 8
Lè moun Izrayèl yo te fin pran peyi Kanaran an pou yo,
gen anpil nan moun ansyen mèt peyi a yo pa t' touye.
Yo te kite yo rete nan peyi a. Te gen moun Amori, moun
Et, moun Ferezi, moun Iva ak moun Jebis. Se pitit moun
sa yo Salomon te pran sèvi esklav pou fè kòve. Se sa
k'ap fèt jouk jounen jòdi a. 9 Salomon pa t' fè ankenn
moun nan pèp Izrayèl la sèvi esklav. Li te fè yo sèvi sòlda,
ofisye, chèf, kaptenn ak kòmandan cha lagè yo ak kavalye
yo. 10 Te gen desansenkant (250) moun gouvènè yo te
chwazi pou sèvi fòmann. Se yo ki te reskonsab kontwole
tout travay ki t'ap fèt yo. 11 Salomon fè madanm li, pitit fi
farawon an, kite lavil David, al rete nan kay li te bati pou li
a. Li t'ap di nan kè l': Ata madanm mwen pa gen dwa
rete nan kay David, wa peyi Izrayèl la, paske tout kote
Bwat Kontra Seyè a te pase se kote ki fèt pou rete apa
pou Bondye. 12 Salomon te ofri bèt pou yo boule nèt
pou Bondye sou lotèl li te fè bati pou Seyè a devan Tanp
lan. 13 Li ofri bèt pou yo boule nèt pou Seyè a, dapre lòd
Moyiz te bay nan lalwa a pou chak jou fèt: pou jou repo
yo, pou jou lalin nouvèl yo, ak pou twa gwo fèt yo fete
chak lanne yo, ki vle di: Fèt Pen san ledven yo, Fèt Rekòt
yo ak Fèt Joupa yo. 14 Dapre regleman David, papa l', te
bay, li mete chak gwoup nan travay pa yo, prèt yo pou fè
sèvis pou Bondye, moun Levi yo pou fè lwanj Seyè a epi
pou ede prèt yo nan travay yo dapre sa ki pou fèt chak jou
fèt yo. Li bay chak gwoup gad pòtay Tanp lan lè travay yo
nan chak pòtay, dapre lòd David, moun Bondye a, te kite.
15 Se konsa, yo te swiv tout ti detay ki nan lòd wa David te
bay pou prèt yo ak pou moun Levi yo, ata lòd li te bay pou
trezò Tanp lan. 16 Se konsa tout travay Salomon te vle fè
a te fin fèt, depi jou yo t'ap fouye fondasyon Tanp Seyè a
jouk yo fini l'. Tanp Seyè a pa t' manke anyen ankò pou l'
fini. 17 Apre sa, Salomon ale lavil Ezyongebè ak lavil Elat
bò Lanmè Wouj la, nan pòsyon tè ki pou moun Edon yo.
18 Wa Iram te voye batiman ansanm ak moun peyi l' ki
te konn lanmè bay Salomon pou sèvi ansanm ak moun
Salomon yo sou batiman yo. Se chèf ki t'ap sèvi nan
gouvènman Iram yo ki te vin renmèt batiman yo. Maren
Iram yo vwayaje ansanm ak moun pa Salomon yo rive
peyi Ofi, kote yo al chache trèz tòn lò pote bay Salomon.

9 Larenn peyi Saba tande pale ki kalite moun Salomon
te ye. Li vwayaje pou lavil Jerizalèm pou l' sonde
konesans Salomon avèk kèk keksyon difisil. Se konsa, li
mennen anpil moun avè l' ak anpil chamo chaje odè, fèy
santi bon, kantite lò ak pyè koute chè. Lè li rive devan
Salomon, li poze l' tout kalite keksyon li te fè lide mande
l'. 2 Salomon menm reponn tout keksyon l' yo. pa t' gen
anyen ki te twò difisil pou li reponn. 3 Larenn peyi Saba a
wè jan Salomon te gen anpil bon konprann. Li wè palè li
te bati a. 4 Li wè kalite manje yo te sèvi sou tab li, kay li
te fè bati pou chèf li yo, jan li te òganize moun k'ap travay
nan palè a, rad inifòm yo te genyen, domestik ki t'ap sèvi
l' bweson ak bèt li te ofri pou boule nèt pou Seyè a nan
Tanp lan. Lè li wè tou sa, li pèdi lapawòl sitèlman li te
sezi. 5 Li di wa Salomon konsa: -Sa m' te tande nan peyi
m' sou ou ak sou bon konprann ou an, se te vre! 6 Men,
mwen pa t' vle kwè toutotan mwen pa t' vini wè ak je pa
mwen. Men, sa m' te tande a se pa mwatye sa m' wè a.
Bon konprann ou ak richès ou pi plis pase sa yo te di a.
7 Ala bèl chans moun pa ou yo genyen! Ala bèl chans
pou moun k'ap travay avè ou yo! Yo toujou la devan ou
ap tande bèl pawòl k'ap soti nan bouch ou! 8 Lwanj pou
Seyè a, Bondye ou la! Li moutre jan li kontan avè ou. Li
mete ou chita sou fotèy li a pou ou te ka wa peyi Izrayèl
la. Li menm ki renmen peyi Izrayèl la, li vle pou peyi a pa
janm disparèt. Li mete ou wa pou ou ka kenbe peyi a nan
lòd, nan bon chemen, san patipri. 9 Larenn Saba a fè
wa a kado twa tòn edmi lò ak kantite fèy santi bon ak
anpil pyè koute chè. Pat janm rive gen nan pèyi Izrayèl
la kantite fèy santi bon tankou sa larenn Saba a te bay
wa Salomon lè sa a. 10 Moun Iram yo ansanm ak moun
Salomon yo, ki te al chache lò nan peyi Ofi, te pote yon
gwo kantite bwa koray ak anpil bèl pyè koute chè soti nan
menm peyi a. 11 Salomon sèvi ak bwa koray yo pou fè
planche nan Tanp lan ak nan palè a. Li fè gita ak bandjo
pou mizisyen yo ak bwa sa a tou. Yo pa t' janm wè bagay
konsa nan peyi Jida a anvan sa. 12 Wa Salomon te bay
larenn peyi Saba a tou sa li te mande l', san konte kado li
te ba li pou koresponn ak sa larenn lan te pote ba li. Apre
sa, larenn lan tounen tounen l' nan peyi Saba ansanm ak
tout moun ki te avè l' yo. 13 Chak lanne, wa Salomon te
resevwa vennsenk tòn lò, 14 san konte lajan li te resevwa
nan men moun k'ap fè trafik yo ak moun k'ap fè kòmès yo.
Tout wa peyi Arabi yo ak gouvènè pèp Izrayèl yo te pote
lò ak ajan bay Salomon tou. 15 Salomon te fè fè desan
(200) gwo plak pwotèj an fè. Lèfini, li fè kouvri yo chak ak
yon kouch lò ki peze douz liv. 16 Li fè fè twasan (300) ti
plak pwotèj, li fè kouvri yo chak ak yon kouch lò ki peze
sis liv. Li mete tout plak pwotèj sa yo nan salon Rakbwa
Peyi Liban an. 17 Li fè fè tou yon gwo fotèy ak kòn elefan.
Li fè kouvri l' ak pi bon kalite lò ki genyen. 18 Pou rive bò
fotèy la, se pou ou te moute sis mach eskalye. Devan

fotèy la te gen yon ti ban an lò pou wa a lonje pye l'. Fotèy
la te gen de manch. Sou kote manch yo, sou chak bò
te gen pòtre yon lyon. 19 Te gen douz lyon sou mach
eskalye yo, de sou chak mach nan de pwent yo. Pat gen
ankenn lòt peyi ki te gen yon fotèy pou wa parèy ak sa a.
20 Tout gode wa Salomon te sèvi pou l' bwè te fèt an lò.
Tout bagay ki te sèvi nan Salon Rakbwa Peyi Liban an te
fèt an bon lò. Yo pa t' sèvi ak ajan menm, paske sou rèy
Salomon, ajan pa t' vo anyen. 21 Li te gen yon kantite
batiman pa l' ki t'ap vwayaje ale nan peyi Tasis. Se moun
Iram yo ki te mennen yo pou li. Chak twazan, batiman yo
te tounen chaje ak lò, ajan, kòn elefan, pan ak makak. 22
Wa Salomon te pi rich pase tout lòt wa yo. Li te gen plis
bon konprann pase yo tout. 23 Tout wa toupatou te vin wè
Salomon pou tande bèl pawòl Bondye te mete nan bouch
li. 24 Chak moun ki te vini te pote kado pou li, bagay ki
fèt an ajan ak an lò, rad, zam, fèy santi bon, chwal ak
milèt. Chak lanne se te konsa. 25 Salomon te gen katmil
(4.000) kay kote li te mete chwal li yo ak cha lagè, ak
douzmil (12.000) chwal pou sòlda kavalye yo. Li mete yon
pòsyon nan lavil kote li te gen cha li yo, rès yo li mete
yo lavil Jerizalèm bò kote l'. 26 Salomon te sèl chèf sou
tout wa ki t'ap gouvènen depi larivyè Lefrat rive nan peyi
Filisti, jouk sou fwontyè peyi Lejip. 27 Pandan tout rèy li,
ajan te tankou wòch lavil Jerizalèm. Bwa sèd menm, ou te
jwenn sa an kantite tankou pye sikomò nan rakbwa nan
plenn peyi Jida yo. 28 Se nan peyi Lejip ak nan tout lòt
peyi Salomon te fè chache chwal li yo. 29 Tout rès istwa
Salomon an, depi premye jou li te moute wa a rive jouk
dènye jwa a, nou jwenn li nan liv istwa pwofèt Natan, nan
liv mesaj Akija, moun lavil Silo a, ak nan liv vizyon pwofèt
Ido ki pale sou wa Jewoboram, pitit Nebat la. 30 Salomon
te wa lavil Jerizalèm, li te gouvènen tout pèp Izrayèl la
pandan karantan. 31 Lè li mouri, yo antere l' nan lavil
David, papa l'. Se Woboram, pitit li, ki moute wa nan plas
li.

10 Woboram moute lavil Sichèm, paske se la tout
pèp Izrayèl la nèt te sanble pou fè li wa. 2 Lè
Jewoboram, pitit gason Nebat la, ki te nan peyi Lejip
kote li te al kache pou Salomon an, pran nouvèl la, li kite
peyi Lejip, li tounen lakay li. 3 Moun branch fanmi ki nan
nò peyi a voye chache l'. Yo tout ansanm, yo al jwenn
Woboram, yo di l' konsa: 4 -Papa ou te di anpil ak nou. Li
te peze nou anpil. Koulye a, fè yon leve men pou nou. Kite
nou viv yon ti jan pi alèz, n'a sèvi ou nèt ale. 5 Woboram
di yo: -Tounen nan twa jou. Lè sa a, m'a ban nou repons.
Epi moun yo al fè wout yo. 6 Woboram menm al jwenn
chèf fanmi ki te sèvi konseye pou Salomon, papa l', lè li
t'ap viv la, li mande yo: -Kisa pou m' reponn pèp la? Ki
konsèy nou ban mwen? 7 Yo reponn li: -Si ou aji byen ak
pèp la, si ou asepte fè sa yo mande ou la, si ou pale byen
ak yo, y'ap toujou sèvi ou, 8 Men, Woboram pa koute
konsèy granmoun yo te ba li a, li al jwenn jenn gason ki
te leve ansanm avè l' yo, lèfini ki te toujou la pou ba l'
konsèy tou. 9 Li di yo: -Ki konsèy nou ta ban mwen? Kisa
pou m' reponn pèp la k'ap mande m' pou m' fè yon leve
men pou yo? 10 Jenn gason kanmarad li yo reponn li: -
Men sa w'a di moun sa yo k'ap plenyen pou papa ou ki
t'ap peze yo, epi k'ap mande ou fè yon leve men pou yo
a. W'a di yo: Si papa m' te di ak nou, mwen menm m'ap pi
di pase l'. 11 Wi, w'a di yo: Papa m' t'ap peze nou anba
chay lou, mwen menm se mete m'ap mete sou chay la
anko. Papa m' te bat nou ak fwèt, mwen menm m'ap pase
fwèt la anba sann pou m' bat nou. 12 Twa jou apre vre,
Jewoboram tounen ansanm ak tout moun Izrayèl yo vin
jwenn wa Woboram, jan li te di yo a. 13 Wa a pa koute
konsèy granmoun yo, li pale di ak pèp la. 14 Li reponn
yo jan jenn gason yo te ba l' konsèy la. Li di yo: -Papa
m' te peze nou anba chay lou, mwen menm, m'ap mete
sou chay n'ap pote deja a. Papa m' te bat nou ak fwèt,
mwen menm, m'ap pase fwèt la anba sann pou nou. 15
Se konsa wa a pa t' asepte fè sa pèp la te mande l' la. Sa
se travay Seyè a menm ki te vle pou sa li te voye Akija,
pwofèt Silo a, al di Jewoboram, pitit Nebat la, rive vre.
16 Lè pèp Izrayèl la wè wa a pa t' soti pou li fè sa yo te
mande l' la, yo reponn wa a, yo di li: -Nou pa gen anyen
pou nou wè ak David. Nou pa gen anyen pou n' separe ak
pitit Izayi a. Nou menm pèp Izrayèl la, ann al lakay nou!
Ann kite pitit David yo degaje yo pou kont yo ak fanmi
yo! Se konsa moun pèp Izrayèl la vire do al lakay yo. 17
Yo kite Woboram pou li gouvènen sèlman sou moun ki
rete nan pòsyon tè branch fanmi Jida a. 18 Apre sa, wa
Woboram voye Adoram ki te reskonsab travay kòve yo al
bò kote moun Izrayèl yo. Men, moun Izrayèl yo kalonnen
li koutwòch jouk li mouri. Lè sa a, wa Woboram prese
moute sou cha li, li kouri ale lavil Jerizalèm. 19 Depi lè sa
a, moun pèp Izrayèl yo vire do bay moun fanmi David yo
jouk jounen jòdi a.

11 Lè Woboram rive lavil Jerizalèm, li sanble
sankatrevenmil (180.000) sòlda nan pi bon sòlda ki
te nan branch fanmi Jida ak nan branch fanmi Benjamen.
Li te fè lide al goumen ak moun peyi Izrayèl yo pou
l' mete yo anba lòd li ankò. 2 Men, Bondye pale ak
Chemaya, pwofèt li a, li di l' konsa: 3 -Pale ak Woboram,
pitit Salomon an, wa peyi Jida a, ansanm ak tout moun
pep Izrayèl ki fè pati branch fanmi Jida ak branch fanmi
Benjamen yo. Di yo konsa: 4 Men mesaj mwen menm
Seyè a, mwen voye ba yo: Piga n' al goumen ak fanmi
nou yo. Tounen lakay nou. Sa ki rive a se travay mwen.
Se mwen menm ki vle l' konsa. Moun yo koute lòd Seyè a
vre, yo pa moute al goumen ak Jewoboram. 5 Woboram
rete lavil Jerizalèm, li moute ranpa nan anpil lavil peyi
Jida pou pwoteje yo. 6 Se konsa, li ranfòse miray lavil
Betleyèm, Eytam, Tekoa, 7 Betsou, Soko, Adoulam, 8
Gat, Marecha, Zif, 9 Adorayim, Lakis, Aseka, 10 Soreya,
Ajalon, Ebwon. Tou sa se lavil ak ranpa ki te nan peyi Jida
ak nan peyi Benjamen. 11 Li ranfòse miray ranpa yo, li
mete chèf reskonsab yo, li fè bati depo pou mete manje,
lwil ak diven. 12 Lèfini, nan chak lavil, li fè bay gwo plak
pwotèj ak frenn an kantite. Lavil sa yo te byen pwoteje.

Se konsa Woboram te kenbe moun branch fanmi Jida ak branch fanmi Benjamen yo anba otorite l'. **13** Prèt yo ak moun Levi yo soti toupatou nan peyi Izrayèl, yo vin jwenn Woboram. **14** Moun Levi yo te kite bèt yo nan savann ak tout lòt byen yo, yo desann lavil Jerizalèm ak nan peyi Jida, paske Jewoboram, wa peyi Izrayèl la ak tout wa ki te vin apre l' yo, te enpoze moun Levi yo fè sèvis yo tankou prèt Seyè a. **15** Jewoboram te chwazi prèt pa l' pou fè sèvis kote yo fè ofrann bèt pou lòt bondye li t'ap sèvi sou fòm estati bouk kabrit ak ti towo bèf li te fè fè pou li yo. **16** Nan tout peyi Izrayèl la moun ki te vle sèvi Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, ak tout kè yo fè tankou moun Levi yo ak prèt yo. Yo desann lavil Jerizalèm pou yo te ka ofri bèt pou yo touye pou Seyè a, Bondye zansèt yo a. **17** Sa te bay gouvènman peyi Jida a anpil fòs. Pandan twazan yo kenbe la ak Woboram, pitit Salomon an, yo viv jan yo te konn viv sou rèy wa David ak wa Salomon. **18** Woboram te marye ak Malat, pitit fi Jerimòt ki te pitit David ak Abigayil, pitit fi Eliyab, pitit pitit fi Izayi. **19** Yo fè twa pitit gason: Jeouch, Chemarya ak Saram. **20** Apre sa, Woboram marye ak Maka, pitit fi Absalon, ki ba li kat pitit gason: Abija, Atayi, Ziza ak Chelomit. **21** Antou Woboram te gen dizwit madan marye ak swasant fanm kay. Li fè venntwit pitit gason ak swasant pitit fi. Nan tout madan marye li yo ak fanm kay li yo, se Maka, pitit fi Absalon an, li te pi renmen. **22** Konsa tou, li te pito Abija, pitit gason Maka te fè pou li a, pase tout lòt pitit li yo. Li mete l' chèf tout frè l' yo. Li te vle se li ki pou pran plas li lè li mouri. **23** Li te fè lide bay chak pitit gason l' yo yon reskonsablite. Se konsa, li voye yo al rete toupatou nan peyi Jida ak nan peyi Benjamen, nan tout lavil li te ranfòse yo, li ba yo pwovizyon an kantite epi li marye yo ak anpil fanm.

12 Lè Woboram fin chita gouvènman li byen chita, lè li santi li te fò, li pa mache dapre lalwa Seyè a ankò. Lèfini, tout pèp Izrayèl la fè menm jan an tou. **2** Paske moun yo te vire do bay Seyè a, Chichak, wa peyi Lejip la, moute vin atake lavil Jerizalèm nan senkyèm lanne rèy wa Woboram, **3** avèk mildesan (1.200) cha lagè, swasantmil (60.000) kavalye ak yon kantite sòlda moun pa t' ka konte ki te moute avè l' soti nan peyi Lejip. Te gen moun peyi Libi, moun peyi Soukit ak moun peyi Letiopi nan lame a. **4** Li pran tout lavil ak gwo ranpa peyi Jida yo, jouk li rive lavil Jerizalèm. **5** Chichak t'ap pwoche sou lavil la, lè Chemaya, pwofèt la, al jwenn Woboram ak tout chèf peyi Jida yo ki te reyini lavil la, li di yo konsa: -Men sa Seyè a voye di nou. Menm jan nou te lage m' lan, se konsa m'ap lage nou tou nan men Chichak. **6** Wa a ansanm ak chèf yo rekonèt yo te fè sa ki mal: -Seyè a gen rezon l' nan pla men l'! **7** Lè Seyè a wè jan yo rekonèt tò yo, li pale ak Chemaya ankò, li di l' konsa: -Paske yo rekonèt yo pa t' dwe fè sa yo fè a, mwen p'ap detwi yo nèt. Men, lè Chichak va atake, m'ap ba yo chans pou yo chape kò yo. Mwen p'ap sèvi ak Chichak pou m' fè moun lavil Jerizalèm yo santi jan m' fache sou yo. **8** Men, Chichak pral fè yo soumèt devan l'. Lè sa a, y'a wè sèvi m' ak sèvi chèf sou latè sa ki pi dous. **9** Wa Chichak atake lavil Jerizalèm. Li pran tout trezò ki te nan Tanp lan ak nan palè wa a. Li pran ata gwo plak pwotèj an lò Salomon te fè fè yo. **10** Wa Woboram fè fè lòt gwo plak pwotèj an kwiv fwa sa a pou mete nan plas yo. Lèfini, li renmèt yo nan men chèf gad ki t'ap fè pòs nan pòtay palè a. **11** Chak fwa wa a t'ap antre nan Tanp lan, chèf gad yo al pran gwo plak pwotèj yo pote vini. Lè li ale, yo pote yo tounen nan chanm gad yo. **12** Paske Woboram te rekonèt li pa t' dwe fè sa l' te fè a devan Seyè a, kòlè Seyè a bese, li pa fini nèt avè l'. Men pou di vre, te gen bon bagay ki te pase nan peyi Jida lè sa a tou. **13** Woboram te gouvènen lavil Jerizalèm, li chita otorite l' byen chita. Woboram te gen karanteyennan lè li vin wa peyi Jida. Li gouvènen pandan disètan lavil Jerizalèm, lavil Seyè a te chwazi nan tout peyi Izrayèl pou anplasman kote pou yo fè sèvis pou li a. Manman Woboram te moun lavil Amon. Li te rele Nama. **14** Woboram te fè sa ki mal, paske li pa t' chache fè volonte Seyè a. **15** Tou sa wa Woboram te fè, depi premye jou li te moute wa a rive jouk dènye jou a, nou jwenn yo ekri nan liv travay pwofèt Chemaya ak nan liv vizyon pwofèt Ido ki bay lis fanmi yo. Se te yon lagè san rete ant Woboram ak Jewoboram. **16** Lè Woboram mouri, yo antere l' nan lavil David la. Se Abija, pitit gason li, ki pran plas li sou fotèy la.

13 Jewoboram te gen dizwitan depi li te wa peyi Izrayèl la, lè Abija moute wa nan peyi Jida. **2** Li gouvènen pandan twazan lavil Jerizalèm. Manman l' te rele Mikaja. Se te pitit fi Ouryèl, moun lavil Gibeya. Se te yon lagè san rete ant Abija ak Jewoboram. **3** Abija leve yon lame katsanmil (400.000) vanyan sòlda ki konn goumen. Jewoboram bò pa l' kanpe pou goumen kont Abija ak witsanmil (800.000) vanyan sòlda ki konn goumen. **4** De lame yo kontre nan mòn peyi Efrayim yo. Wa Abija kanpe sou mòn Zemarayim, li pale byen fò, li di: -Koute m' non, Jewoboram ak nou tout moun peyi Izrayèl yo! **5** Eske se konnen nou pa konnen Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, te pase yon kontra ak David, kontra ki pa kapab kase. Dapre kontra a, li mete gouvènman pèp Izrayèl la nan men l' ak nan men fanmi l' pou tout tan. **6** Men, Jewoboram, pitit gason Nebat la, li menm ki t'ap sèvi ak Salomon, pitit David la, revòlte kont mèt li. **7** Apre sa, yon bann vòryen ak yon bann vakabon al mete tèt yo ansanm ak li, yo fòse Woboram, pitit gason Salomon an, yo fè l' fè sa yo vle, paske li te jenn, li te gen tèt fèb. Li pa t' ka kenbe tèt ak yo. **8** Koulye a, nou fè lide vin kraze otorite Seyè a te mete nan men fanmi David la, tou sa paske nou gen avèk nou yon gwo lame ak tout estati towo bèf an lò Jewoboram te fè pou sèvi nou bondye a. **9** Nou mete prèt Seyè yo, pitit Arawon yo, deyò ansanm ak moun Levi yo, lèfini nou fè tankou lòt nasyon yo, nou chwazi moun pa nou pou sèvi prèt. Nenpòt moun ki vin jwenn nou ak yon towo bèf osinon ak sèt mouton, nou fè l' prèt bondye nou yo ki pa bondye. **10** Men nou menm, se Seyè a ki Bondye

nou. Nou pa janm vire do ba li. Prèt k'ap sèvi devan Seyè
a se fanmi Arawon yo ye. Moun ki reskonsab sèvis yo se
moun Levi yo ye. 11 Chak maten, chak aswè, y'ap ofri bèt
yo boule nèt pou Seyè a ansanm ak lansan. Yo mete pen
ki apa pou Bondye yo sou yon tab ki nan kondisyon pou
sèvis Bondye. Chak aswè, yo limen lanp ki sou gwo lanp
sèt branch lan. Nou fè tou sa Seyè a ban nou lòd fè. Men,
nou menm moun peyi Izrayèl, nou vire do ba li. 12 Se
Bondye menm ki alatèt nou avèk prèt li yo. Yo tou pare
pou kònen twonpèt yo pou bay siyal mache pran nou. Se
poutèt sa, nou menm moun peyi Izrayèl yo, pa fè lagè ak
Seyè a, Bondye zansèt nou yo. Paske se nou k'ap anba.
13 Jewoboram fè sòlda ki te dèyè yo fè yon detou al pase
dèyè lame moun peyi Jida yo. Konsa, pifò sòlda li yo te
kanpe sou devan lame moun Jida yo, ak yon bon valè
sòlda li yo sou dèyè yo. 14 Lè moun peyi Jida yo voye
je alawonn, yo wè yo te sènen sou devan ak sou dèyè,
yo rele mande Seyè a sekou. Prèt yo menm pran kònen
twonpèt yo. 15 Moun Jida yo bay yon sèl rèl byen fò,
epi yo atake. Bondye fè Jewoboram ak tout lame moun
Izrayèl yo pèdi devan Abija ak moun Jida yo. 16 Moun
Izrayèl yo pran kouri pou moun Jida yo, Bondye lage yo
nan men moun Jida yo. 17 Abija ak sòlda li yo touye yon
pakèt ladan yo. Yo touye senksanmil (500.000) nan pi bon
sòlda lame pèp Izrayèl la. 18 Se konsa moun peyi Izrayèl
yo soti wont nan batay la, men moun peyi Jida yo soti pi
fò, paske se sou Seyè a, Bondye zansèt yo a, yo te apiye.
19 Abija kouri dèyè Jewoboram, li pran lavil Betèl, lavil
Jesana ak lavil Efwon ansanm ak tout ti bouk ki te sou
kont yo. 20 Jewoboram pa janm pran pye ankò pandan
tout rèy Abija. Bout pou bout, Seyè a frape l', li mouri. 21
Abija menm te vin pi fò toujou, li te gen katòz fanm ki te fè
vennde pitit gason ak sèz pitit fi pou li. 22 Tout rès istwa
Abija a, tou sa li te fè ak tou sa li te di, nou jwenn yo nan
liv istwa pwofèt Ido te ekri a.

14 Lè Abija mouri, yo antere l' lavil David la. Se Asa,
pitit gason li, ki moute wa nan plas li. Sou rèy Asa,
peyi a viv ak kè poze pandan dizan. 2 Asa te fè sa ki byen
ak sa ki dwat devan Seyè a, Bondye l' la. 3 Li fè disparèt
tout lotèl yo te bati pou bondye lòt nasyon yo ak tout kote
yo te konn fè sèvis pou yo. Li fè kraze zidòl yo, li koupe
estati Achera yo voye jete. 4 Li bay tout moun Jida yo lòd
pou yo mache dapre volonte Seyè a, Bondye zansèt yo a,
pou yo fè tou sa ki nan lalwa ak nan kòmandman Bondye
yo. 5 Li fè disparèt tout kote yo te konn fè sèvis pou lòt
bondye yo ansanm ak lotèl pou boule lansan pou yo nan
dènye lavil nan peyi Jida a. Se konsa, pandan tout rèy li,
peyi a t'ap viv ak kè poze. 6 Pandan tout tan sa a, peyi a
pa t' nan dezòd, ni li pa t' nan fè lagè ak pesonn, paske
Seyè a te ba li chans viv ak kè poze. Wa a pwofite tout
tan sa yo, li bati gwo ranpa pou pwoteje lavil peyi Jida
yo. 7 Li di moun peyi Jida yo: -Annou ranfòse defans
lavil yo! Annou bati miray ranpa ak fò pou pwoteje yo ak
pòtay solid ak gwo ba pou fèmen yo. Peyi a nan men nou
toujou, paske nou te fè volonte Seyè a, Bondye nou an.
Se li menm ki pwoteje nou, li fè nou viv byen san kont ak
tout vwazen nou yo. Se konsa yo mete men nan travay la
jouk yo fini l'. 8 Wa Asa te gen yon gwo lame. Nan lame
a te gen twasanmil (300.000) sòlda moun branch fanmi
Jida ki te gen plak pwotèj ak frenn, plis desankatreven mil
(280.000) sòlda moun branch fanmi Benjamen ki te gen
plak pwotèj ak banza pou voye flèch. Yo tout te vanyan
sòlda. 9 Yon moun peyi Letiopi yo te rele Zera vin anvayi
peyi Jida ak yon lame ki te gen yon milyon sòlda ansanm
ak twasan (300) cha lagè. Yo vanse jouk lavil Marecha. 10
Asa soti ak lame pa l' la al kontre avè l'. De lame yo pran
pozisyon nan fon Zefata a, toupre Marecha. 11 Asa lapriyè
Seyè a, Bondye li a, li di l' konsa: -Bondye sèl Mèt, kit
w'ap ede yon gwo, kit w'ap ede yon piti, pou ou se menm
bagay la. Tanpri, vin ede nou koulye a, Seyè, Bondye
nou an, paske se sou ou nou konte. Se nan non ou nou
vin goumen ak bann moun sa yo. Seyè, se ou menm ki
Bondye nou. Fè wè pesonn pa ka kenbe tèt avè ou! 12
Se konsa, Seyè a fè Asa ak lame peyi Jida a bat lame
Letiopi a. Lame Letiopi a kouri met deyò. 13 Men Asa ak
sòlda li yo kouri dèyè yo jouk lavil Gera. Yo touye sòlda
lame Letiopi yo, yo pa kite yonn ladan yo chape. Seyè
a te kraze yo tout ak lame li a. Lame a pran yon pakèt
bagay lènmi yo te kite. 14 Lèfini, yo detwi tout ti bouk ki te
nan zòn Gera a, paske moun la yo te pè Seyè a anpil.
Lame Jida a piye lavil yo. Yo pote anpil anpil bagay ale
paske moun sa yo te gen anpil byen. 15 Yo atake gadò
mouton yo anba tant yo. Yo pran yon bon valè mouton ak
chamo. Apre sa, yo tounen tounen yo lavil Jerizalèm.

15 Lespri Bondye te desann sou Azarya, pitit Obèd.
2 Azarya soti al kontre wa Asa, li di l' konsa: -Koute
sa m'ap di nou, ou menm Asa ansanm ak tout moun fanmi
Jida ak fanmi Benjamen yo! Seyè a ap kanpe ak nou si
nou menm tou nou kanpe avè l'. Si nou chache l', l'ap kite
nou jwenn li. Men, si nou vire do ba li, l'ap vire do ban nou
tou. 3 Pandan lontan, pèp Izrayèl la t'ap viv san Bondye
tout bon an, san prèt pou moutre yo sa pou yo fè, san
lalwa Bondye a. 4 Men, lè malè tonbe sou yo, yo tounen
nan pye Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la. Yo chache l', li
kite yo jwenn li. 5 Nan tan sa yo, pesonn pa t' ka okipe
zafè yo ak kè poze, paske te gen gwo dezòd pou tout
moun nan tout peyi. 6 Nasyon t'ap kraze nasyon, yon lavil
t'ap detwi yon lòt lavil, paske Bondye te lage tout kalite
malè sou yo. 7 Men nou menm, mete gason sou nou! Pa
dekouraje, paske n'ap jwenn rekonpans travay nou. 8 Lè
Asa tande mesaj pitit Obèd la te bay nan non Bondye, li
pran kouraj. Li fè yo wete dènye vye zidòl ki te nan peyi
moun Jida yo ak nan peyi moun Benjamen yo, ansanm ak
tout zidòl ki te nan lavil li te pran nan zòn mòn Efrayim yo.
Li repare lotèl Seyè a ki te kanpe nan lakou devan gwo
pyès Tanp Seyè a. 9 Anpil moun soti toupatou nan peyi
Efrayim, nan peyi Manase ak nan peyi Simeyon, yo vin
jwenn Asa. Yo t'ap viv nan peyi a sou zòd li, paske yo te
wè Seyè a te kanpe la avè l'. Asa reyini yo tout ansanm
ak tout moun Jida yo ak moun Benjamen yo. 10 Yo tout

reyini lavil Jerizalèm. Lè sa a, Asa te gen katòzan twa
mwa depi li te wa. 11 Jou sa a, yo pran sètsan (700) bèf
ak sètmil (7.000) mouton nan tou sa yo te pran nan men
lènmi yo, yo touye yo pou Seyè a. 12 Yo pran angajman
pou yo sèvi Seyè a, Bondye zansèt yo a, ak tout kè yo, ak
tout nanm yo. 13 Yo pwomèt pou yo touye nenpòt moun,
kit se fanm kit se gason, kit se granmoun kit se jennmoun,
ki pa soti pou sèvi Seyè a. 14 Yo fè sèman bay Seyè a
byen fò y'ap kenbe angajman yo. Yo te kontan, yo t'ap
rele, yo t'ap kònen twonpèt ak klewon. 15 Tout moun peyi
Jida yo te kontan, paske yo te fè sèman an ak tout kè
yo. San pesonn pa fòse yo, yo te soti pou yo te chache
konnen volonte Seyè a. Seyè a menm te kite yo jwenn li.
Li fè yo viv ak kè poze ak tout moun nan vwazinaj yo. 16
Wa Asa menm rive wete Maka, grann li, nan pozisyon yo
te ba li tankou manman Larenn nan peyi a, paske Maka
te fè yon vye estati pou Achera. Asa kraze estati a an
miyèt moso, li fè boule l' nan ravin Sedwon an. 17 Atout li
pa t' rive fè disparèt tout kay zidòl yo, li menm li te toujou
sèvi Seyè a ak tout kè li pandan lavi li. 18 Li pran tou sa
papa l' te bay pou sèvis Bondye a, li mete yo nan Tanp
lan ak tout bagay an lò ak an ajan li menm li te bay pou
Bondye. 19 Pat gen lagè menm jouk wa Asa rive sou
trannsenkan depi li t'ap gouvènen.

16 Wa Asa te gen trannsenkan depi li t'ap gouvènen,
lè Bacha, wa peyi Izrayèl la, anvayi peyi Jida. Li
pran lavil Rama, li plen l' sòlda pa l' pou anpeche moun
Asa yo pase antre soti nan peyi Jida. 2 Lè wa Asa wè sa,
li pran bagay an lò ak bagay an ajan ki te nan tanp lan ak
nan palè a, li renmèt yo nan men kèk moun pa l', li voye
yo bò kote Bennadad, wa peyi Siri, ki te rete lavil Damas,
ak mesaj sa a: 3 -Annou pase kontra yonn ak lòt, tankou
zansèt nou yo te fè l' la. Men mwen voye bagay an lò ak
bagay an ajan sa yo fè ou kado. Koulye a, kase kontra ou
te pase ak Bacha, wa peyi Izrayèl la. Konsa, l'a blije wete
sòlda li yo nan peyi mwen an. 4 Wa Bennadad dakò avèk
sa wa Asa te di l' la. Li voye chèf lame li yo al atake lavil
peyi Izrayèl yo. Yo pran lavil Ijon, lavil Dann, lavil Abèl
Mayim ak tout lavil nan pòsyon tè branch fanmi Neftali a
ki te sèvi depo. 5 Lè Bacha vin konn sa, li wete tout sòlda
li te kite nan lavil Rama yo, li sispann travay li t'ap fè pou
ranfòse miray lavil la. 6 Lè sa a, wa Asa fè rele dènye
moun nan peyi Jida pou wete wòch ak bwa wa Bacha te
fè anpile pou ranfòse miray ranpa lavil Rama a. Wa Asa
sèvi ak materyo sa yo pou ranfòse miray lavil Mispa ak
miray lavil Gibeya. 7 Lè sa a, pwofèt Anani vin jwenn
Asa, wa peyi Jida a, li di l' konsa: -Se paske ou te pito
mete konfyans ou nan lame wa peyi Siri a pase nan Seyè
a, Bondye ou la, kifè lame wa peyi Siri a chape anba men
ou. 8 Eske moun Letiopi yo ak moun Libi yo ansanm pa
t' fè yon gwo lame ak anpil cha lagè, anpil kavalye sou
chwal? Malgre sa, Seyè a te lage yo nan men ou paske
ou te mete konfyans ou nan li. 9 Seyè a ap veye tou sa
k'ap pase sou latè. Li pa kite anyen chape pou l' ka bay
moun ki mete tout konfyans yo nan li fòs ak kouraj. Men
fwa sa a, ou resi pèdi tèt ou. Ou aji tankou moun fou. Se
poutèt sa moun pral fè ou lagè san rete. 10 Koze sa a te
fè Asa fache anpil sou pwofèt la. Li fè yo fèmen l' nan
prizon. Se depi lè sa a Asa konmanse ap maltrete kèk
moun nan pèp la. 11 Tou sa wa Asa te fè depi premye jou
li moute wa a rive jouk dènye jou a, nou jwenn sa ekri nan
liv Istwa wa peyi Jida yo ak wa peyi Izrayèl yo. 12 Asa te
gen trantnevan depi li te wa, lè yon gwo maladi nan pye
rann li enfim. Malgre sa, li pa t' al chache gerizon nan
men Seyè a. Li te pito al kay dòktè. 13 Lè li mouri, li t'ap
mache sou karanteyennan depi li te wa. 14 Yo antere l'
nan kavo li te fè fouye pou tèt pa li nan lavil David la. Yo
mete kadav la kouche sou yon payas fèt ak fèy santi bon
ak tout kalite bon odè yo te pare jan yo konn fè l' la. Apre
sa, yo limen yon gwo boukan pou li.

17 Jozafa, pitit Asa, moute wa nan plas papa l'. Li
ranfòse pozisyon l' devan peyi Izrayèl la. 2 Li mete
sòlda nan tout lavil ki gen ranpa nan peyi Jida a, li mete
gouvènè nan tout peyi Jida a ak nan tout lavil Asa, papa
l', te pran nan peyi Efrayim lan. 3 Seyè a te kanpe avèk
Jozafa, paske li te fè tankou David, granpapa l', nan
konmansman rèy li. Li pa t' kouri dèyè Baal yo. 4 Li t'ap
chache tout jan pou li te sèvi Bondye zansèt li a. Li te
mache dapre lòd Bondye bay yo, li pa t' fè tankou wa
Izrayèl yo. 5 Seyè a bay gouvènman l' lan fòs. Nan peyi
Jida a, tout moun t'ap pote kado ba li. Konsa, li te vin gen
anpil byen. Tout moun t'ap fè lwanj li. 6 Li te pran plezi
l' nan fè volonte Seyè a. Li fè disparèt tout kote yo t'ap
sèvi zidòl nan peyi Jida a, ansanm ak tout estati Achera
yo. 7 Li te gen twazan depi li te wa lè li voye kèk chèf
nan tout lavil peyi Jida yo pou moutre pèp la sa pou l'
fè. Men non chèf yo: Se te Bennayil, Obadya, Zekaraya,
Netaneyèl ak Mikaya. 8 Yo te gen nèf moun Levi ak de
prèt ak yo. Moun Levi yo te rele Chemaya, Netanya,
Zebadya, Asayèl, Chemiramòt, Jonatan, Adonija, Tobija
ak Tobadonija. Prèt yo te rele: Elichama ak Joram. 9 Avèk
liv lalwa Seyè a nan men yo, yo mache nan tout peyi
a, yo ale nan tout lavil yo pou moutre pèp la sa pou li
fè. 10 Tout gouvènman peyi ki te vwazen ak peyi Jida
a te sitèlman pè Seyè a, yo yonn pa chache fè lagè ak
wa Jozafa. 11 Lekontrè, te gen anpil moun Filisti ki te
pote anpil kado ak anpil ajan ba li tankou si li te chèf yo.
Ata moun peyi Arabi yo te pote sètmil sètsan (7.700)
mouton ak sètmil sètsan (7.700) kabrit fè l' kado. 12 Se
konsa, pouvwa Jozafa a t'ap vin pi fò chak jou. Nan tout
peyi Jida a, li bati sitadèl ak lavil pou sèvi l' depo. 13 Li
te gen pwovizyon an kantite nan tout lavil peyi a. Nan
lavil Jerizalèm menm, li te gen anpil vanyan sòlda. 14
Men kantite ki te genyen dapre branch fanmi yo: Te gen
Adna, kòmandan tout chèf batayon branch fanmi Jida a ak
twasanmil (300.000) sòlda sou zòd li. 15 Li te gen avè l'
Jokanan avèk desankatrevenmil (280.000) sòlda sou zòd
li. 16 Avè l' toujou te gen Amasya, pitit Zikri a, ak desanmil
(200.000) sòlda. Amasya sa a te pote tèt li limenm, san
pesonn pa t' mande l' pou sèvi Seyè a. 17 Alatèt moun

branch fanmi Benjamen yo te gen Elyada, yon vanyan
sòlda, ak desanmil (200.000) sòlda ki te gen plak pwotèj
ak banza. 18 Avè l' te gen Jeozabad avèk sankatrevenmil
(180.000) sòlda byen ame pou lagè. 19 Se moun sa yo ki
t'ap sèvi wa a lavil Jerizalèm, san konte lòt sòlda wa a te
mete an ganizon nan lòt lavil ak ranpa nan peyi Jida a.

18 Jozafa te vin gen anpil richès, tout moun t'ap fè
lwanj pou li. Li ranje yon maryaj ant yon moun nan
fanmi l' ak yon moun nan fanmi Akab, wa peyi Izrayèl la.
2 Kèk lanne apre sa, Jozafa al rann Akab yon vizit lavil
Samari. Lè sa a, Akab fè yon gwo fèt pou Jozafa ansanm
ak moun ki te avè l' yo. Li te fè touye yon pakèt mouton
ak bèf pou fèt la. Lèfini, li chache pran tèt Jozafa pou yo
al atake lavil Ramòt nan peyi Galarad. 3 Akab, wa peyi
Izrayèl la, di Jozafa, wa peyi Jida a: -Eske w'ap vin avè
m' pou atake lavil Ramòt nan peyi Galarad la? Jozafa
reponn li: -Mwen menm ak tout sòlda mwen yo, nou avè
ou ansanm ak pèp ou a. Se yonn nou ye! 4 Apre sa,
Jozafa di Akab, wa peyi Izrayèl la: -Tanpri, annou mande
Seyè a sa li di nan sa. 5 Se konsa, Akab reyini katsan
(400) pwofèt li yo, li mande yo: -Eske se pou m' al atake
lavil Ramòt nan peyi Galarad la, osinon èske se pou m'
kite sa? Pwofèt yo reponn li: -Atake l', monwa! Seyè a ap
lage l' nan men ou! 6 Lè sa a, Jozafa di konsa: -Pa gen
lòt pwofèt nou ta ka mande si se volonte Seyè a pou n' al
fè sa? 7 Akab reponn: -Gen yon lòt pwofèt ankò ki ta ka
fè sa pou nou. Se Miche, pitit gason Jimla a. Men, m' rayi
l', paske li pa janm di anyen ki bon pou mwen. Li toujou
wè malè pou mwen. Jozafa reponn: -Pa di sa, monchè! 8
Se konsa Akab rele yonn nan nèg konfyans li yo, li di l': -
Prese al chache Miche, pitit gason Jimla a, pou mwen. 9
Wa peyi Izrayèl la ak Jozafa, wa peyi Jida a, te chita yo
chak sou fotèy pa yo ak bèl rad wa yo sou yo, sou gwo
glasi ki bò pòtay lavil Samari a sou deyò. Tout pwofèt yo
te la devan yo ap bay mesaj pa yo. 10 Yonn ladan yo te
rele Sedesyas. Se te pitit Kenana. Li fè fè de kòn an fè. Li
di: -Men sa Seyè a di: Avèk kòn sa yo ou pral atake moun
Siri yo. Ou pral fini ak yo. 11 Tout lòt pwofèt yo t'ap bay
menm mesaj la tou. Yo t'ap di: -Ou mèt al atake Ramòt
nan peyi Galarad. W'ap bon. Seyè a ap lage lavil la nan
men ou. 12 Mesaje ki te pati al rele Miche a di Miche
konsa: -Tout lòt pwofèt yo te pale an favè wa a. Ranje kò
ou pou ou pale tankou yo tout. Pale an favè wa a. 13
Men, Miche reponn li: -Mwen pran Seyè a, Bondye vivan
an, sèvi m' temwen. Sa Seyè a va di m' di se sa m'a di.
14 Lè Miche rive devan wa a, wa a di l' konsa: -Miche,
èske se pou m' al atake lavil Ramòt nan peyi Galarad,
osinon èske se pou n' kite sa? Miche reponn: -Ou mèt al
atake Ramòt nan peyi Galarad. W'ap bon. Seyè a ap lage
lavil la nan men ou. 15 Men, Akab di li: -Konbe fwa pou
m' di ou lè w'ap pale avè m' nan non Seyè a, se pou ou di
m' laverite? 16 Lè sa a, Miche reponn li: -Mwen te wè tout
sòlda pèp Izrayèl yo gaye toupatou sou mòn yo, tankou
yon bann mouton san gadò. Seyè a te di: Moun sa yo san
chèf. Kite yo tounen lakay yo ak kè poze. 17 Akab, wa
peyi Izrayèl la, di Jozafa: -Mwen pa t' di ou li pa janm di
anyen ki bon pou mwen. Li toujou wè malè pou mwen. 18
Miche pran lapawòl ankò, li di: -Bon! Koute mesaj Seyè a.
Mwen te wè Seyè a chita sou fotèy li nan syèl la, avèk
tout zanj li yo kanpe bò kote l', sou bò dwat ak sou bò
gòch li. 19 Seyè a t'ap mande ki moun ki vle al pran tèt
Akab pou li al fè yo touye l' lavil Ramòt. Gen zanj ki di yon
bagay, gen lòt zanj ki di yon lòt bagay. 20 Se lè sa a, yon
lespri vanse devan Seyè a, li di: Mwen pral pran tet li. 21
Seyè a mande l': Ki jan? Lespri a reponn: Mwen pral mete
pawòl manti nan bouch pwofèt Akab yo. Seyè a di l': W'a
pran tèt li vre konsa. Ou mèt al fè jan ou di a. 22 Koulye
a, ou konnen Seyè a te mete yon lespri mantò sou pwofèt
ou yo pou yo ba ou manti, paske li pran desizyon pou l'
fini avè ou. 23 Lè sa a, Sedesyas, pitit gason Kenana a,
mache sou Miche, li flanke li yon souflèt. Epi li di l': -Depi
kilè lespri Bondye a kite m' pou se nan bouch ou l'ap pale
a? 24 Miche reponn li: -W'a konn sa lè w'a kouri pase
sot nan yon chanm antre nan yon lòt pou al kache jouk
nan fon. 25 Se konsa wa Akab pase yon lòd, li di: -Arete
Miche. Mennen l' bay Amon, gouvènè lavil la, ak Joas, pitit
wa a. 26 Di yo mwen bay lòd pou yo mete l' nan prizon,
pou yo ba li renk pen ak dlo jouk m'a tounen soti nan lagè
a san danje ak malè. 27 Lè sa a, Miche di: -Si ou tounen
soti nan lagè a san danje ni malè vre, w'a konnen Seyè a
pa t' pale nan bouch mwen. Lèfini, li di: -Nou tout pèp yo,
koute sa m' di la a wi. 28 Se konsa Akab, wa peyi Izrayèl
la, ansanm ak Jozafa, wa peyi Jida a, moute al atake lavil
Ramòt nan peyi Galarad. 29 Akab di Jozafa konsa: -Mwen
pral mete yon lòt rad sou mwen anvan m al goumen an,
pou moun pa rekonèt mwen. Ou men, ou mèt mete rad
wa ou sou ou. Se konsa wa peyi Izrayèl la chanje rad sou
li pou moun pa rekonèt li. Apre sa, li al goumen. 30 Men,
wa peyi Siri a te bay trannde chèf ki t'ap kòmande cha
lagè yo lòd pou yo pa atake pesonn pase wa peyi Izrayèl
la. 31 Se konsa, lè kòmandan cha lagè yo wè Jozafa, yo
tout te konprann se li ki te wa peyi Izrayèl la. Yo vire sou li
pou yo atake l'. Men, Jozafa rele anmwe. Bondye sèl mèt
la vin pote l' sekou, li fè yo vire kite l'. 32 Lè mesye yo wè
se pa li menm ki te wa peyi Izrayèl la, yo rete sou sa yo te
vle fè a. 33 Lè sa a, yon sòlda peyi Siri rete konsa li voye
yon flèch. Flèch la al pran Akab, wa Izrayèl la, nan fant
rad lagè ki te sou li a. Wa a di sòlda ki t'ap mennen cha li
a: -Kase tèt tounen. Annou kite batay la, paske mwen
blese grav. 34 Jou sa a, batay la te makònen anpil. Wa
Akab menm te rete kanpe sou cha li a, l'ap gade moun
peyi Siri yo jouk aswè. Lè solèy kouche li mouri.

19 Jozafa li menm, wa peyi Jida a, tounen lakay li lavil
Jerizalèm san anyen pa rive l'. 2 Yon pwofèt yo te
rele Jeou, pitit gason Anani an, vin kontre wa a, li di l'
konsa: -Ki jan ou fè al ede moun k'ap fè mal? Ki jan ou
rive fè zanmi ak moun ki pa vle wè Seyè a? Se poutèt
sa, Seyè a fache sou ou anpil. 3 Men malgre sa, ou fè
kèk bagay ki bon. Ou te kraze tout pòtre Achera, bondye
fanm, ki te nan peyi a. Lèfini ou te chache fè volonte

Bondye. 4 Jozafa te rete lavil Jerizalèm. Men, li pran vizite
pèp la nan tout peyi a ankò, depi lavil Bècheba nan sid,
rive jouk nan mòn Efrayim yo nan nò, pou l' te fè pèp
la tounen vin jwenn Seyè a, Bondye zansèt yo a. 5 Li
mete jij nan chak lavil ak ranpa peyi Jida a, yonn apre
lòt. 6 Li di jij yo: -Kalkile byen travay nou pral fè a, paske
nou pa pral jije nan non yon moun, men nan non Seyè a.
L'ap kanpe la bò kote nou lè n'ap rann jijman. 7 Se pou
nou gen krentif pou Seyè a. Veye zo nou nan tou sa n'ap
fè, paske Seyè a, Bondye nou an, pa tolere lenjistis ak
patipri. Li pa nan pran kado nan men moun pou fè pa yo.
8 Nan lavil Jerizalèm menm, Jozafa chwazi kèk moun
Levi, prèt ak chèf fanmi, li mete pou jije tout ka ki an rapò
ak lalwa Bondye a, tout pwose moun lavil Jerizalèm yo
ka gen yonn ak lòt. 9 Li ba yo lòd, li di yo: -Se pou nou
fè travay nou ak krentif pou Bondye. Se pou nou swiv
lòd li nan tou sa n'ap fè. 10 Chak fwa frè nou yo ki rete
nan lòt lavil yo vin pote yon ka devan nou, kit se pou yon
moun yo touye, kit se pou yon lwa, yon lòd, yon regleman
osinon yon prensip yo dezobeyi, se pou nou pale ak yo
pou yo pa fè anyen ki mal devan Seyè a. Si nou pa fè sa,
Seyè a ap move ni sou nou ni sou moun nou yo. Si nou fè
sa nou dwe fè, nou p'ap koupab nou menm. 11 Amarya,
granprèt la, va pi gwo jij pou tout ka ki an rapò ak lalwa
Bondye a. Zebadya, pitit Izmayèl la, chèf branch fanmi
Jida a, va pi gwo jij pou tou sa ki an rapò ak lalwa peyi a.
Se va reskonsablite moun Levi yo pou yo fè respekte tout
desizyon n'a pran. Mete gason sou nou. Fe travay nou. Se
pou Seyè a toujou kanpe la ak moun ki mache dwat yo.

20 Kèk tan apre sa, moun peyi Moab yo ak moun peyi
Amon yo mete ansanm ak moun Mawon yo, yo vin
atake Jozafa. 2 Yo vin bay Jozafa nouvèl la, yo di l' konsa:
-Men yon gwo lame soti nan peyi Edon lòt bò Lanmè
Mouri a vin atake ou. Yo gen tan pran lavil Azason Tama.
Azason Tama, se yon lòt non yo te bay lavil Angedi. 3 Yon
sèl laperèz pran Jozafa. Li pran desizyon mande Seyè a
sa pou l' fè. Li bay lòd pou tout moun nan peyi a fè jèn. 4
Moun soti toupatou nan lavil peyi Jida yo vin lapriyè nan
pye Seyè a. 5 Jozafa rete kanpe nan mitan tout pèp peyi
Jida a, ansanm ak pèp lavil Jerizalèm lan, devan lakou
nèf Tanp Seyè a. 6 Li lapriyè byen fò, li di: -Seyè, Bondye
zansèt nou yo, se ou menm ki Bondye nan syèl la. Se ou
menm k'ap gouvènen tout nasyon sou latè a. Se nan men
ou tout fòs ak tout pouvwa ye. Pesonn pa ka kenbe tèt
avè ou. 7 Ou se Bondye nou. Se ou menm ki te mete tout
moun ki te rete nan peyi sa a deyò fè plas pou pèp Izrayèl
la. Lèfini, ou bay tout pitit Abraram, zanmi ou lan, peyi
a pou l' rele yo pa yo pou tout tan. 8 Se isit la yo rete,
yo bati yon tanp pou ou. Yo te di 9 nenpòt malè ki ta ka
tonbe sou yo pou pini yo: te mèt lagè, te mèt chatiman, te
mèt move maladi osinon grangou, y'ap vin kanpe devan
ou, devan Tanp sa a, paske se nan Tanp sa a ou ye. Nan
tout mizè yo, y'a lapriyè nan pye ou. W'a tande yo, w'a
delivre yo. 10 Koulye a, men moun peyi Amon yo, moun
peyi Moab yo ak moun peyi Edon yo vin atake nou. Lè
zansèt nou yo t'ap soti kite peyi Lejip, ou pa t' kite yo antre
nan peyi moun sa yo. Se konsa yo te chankre pou yo pa t'
pase lakay yo, yo pa detwi yo. 11 Gade ki jan y'ap fè nou
peye sa jòdi a! Men y'ap vin mete nou deyò nan peyi ou
te ban nou an! 12 Ou se Bondye nou. Se ou menm ki pou
pini yo paske nou pa gen fòs pou n' kanpe devan tout
gwo lame sa a k'ap vin atake nou an. Nou pa konn sa pou
nou fè! N'ap tann sa ou pral fè pou nou. 13 Tout mesye
peyi Jida yo te kanpe la devan kay Seyè a, ansanm ak
madanm yo, pitit yo ak pitit pitit yo. 14 Lespri Seyè a
desann sou yon moun Levi ki te la nan mitan yo. Li te rele
Jaziyèl. Se te yon moun nan branch fanmi Zakari. Zakari
sa a te pitit Benaja ki te pitit Jeyèl. Jeyèl te pitit Matanya
ki te pitit Asaf. 15 Jaziyèl di konsa: -Louvri zòrèy nou, nou
tout moun peyi Jida, moun lavil Jerizalèm ansanm ak ou
menm, wa Jozafa. Seyè a voye di nou: Pa dekouraje. Nou
pa bezwen pè devan gwo lame sa a. Batay sa a se pa
batay pa nou, se batay Bondye menm. 16 Denmen, nou
mèt desann al atake yo. Yo pral pase moute sou ti bit
flè yo. N'a kontre ak yo nan pwent ravin ki mennen nan
dezè bò Jewouyèl la. 17 Nou p'ap bezwen nan goumen
menm. N'ap annik pran pozisyon nou. Apre sa, tann. N'ap
wè Seyè a ap ban nou gany. Wi, nou menm moun peyi
Jida ak moun lavil Jerizalèm, nou pa bezwen pè, nou pa
bezwen gen kè kase. Denmen, mache pran yo, paske
Seyè a ap kanpe la avèk nou. 18 Lè sa a, wa Jozafa mete
ajenou, li bese tèt li byen ba devan Seyè a jouk fwon li
rive atè. Tout moun peyi Jida yo ak moun lavil Jerizalèm
yo bese tèt yo byen ba devan Seyè a tou pou adore l'.
19 Moun Levi branch fanmi Keyat yo ansanm ak moun
Levi branch fanmi Kore yo leve kanpe, yo pran fè lwanj
Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, byen fò. 20 Nan denmen
maten, byen bonè, pèp la leve, li pati pou dezè Tekoa a.
Le yo tapral leve lamach, Jozafa pale ak yo, li di konsa: -
Nou menm moun peyi Jida ak moun lavil Jerizalèm, koute
sa m'ap di nou! Mete konfyans nou nan Seyè a, Bondye
nou an! Nou p'ap vole gadjè. Se pou nou kwè sa pwofèt
li yo di nou an. N'ap genyen batay la. 21 Apre sa, li fè
yon pale ak pèp la. Li fè kèk mizisyen pran mache devan
sòlda yo ak rad yo konn mete lè gen gwo fèt seremoni.
Yo t'ap mache devan sòlda yo, yo t'ap chante: -Lwanj
pou Seyè a! Li p'ap janm sispann renmen nou! 22 Lè yo
tanmen chante ak kè kontan pou fè lwanj Seyè a, Seyè a
lage yon sèl bouyay nan mitan moun Amon yo, moun
Moab yo ak moun mòn Seyi yo ki te vin atake peyi Jida a,
yo pèdi batay la. 23 Moun peyi Amon yo ak moun peyi
Moab yo atake lame moun mòn Seyi yo, yo detwi yo nèt.
Lèfini, yo vire yonn sou lòt nan yon chen manje chen,
yonn touye lòt. 24 Lè moun peyi Jida yo rive sou tèt yon ti
bit kote yo ka wè tout dezè a, yo voye je yo gade kote
lènmi yo ye a, yo wè yo tout te kouche mouri atè a. Pat
gen yon moun ki te chape. 25 Jozafa ansanm ak lame li a
desann al piye tou sa lènmi yo te kite. yo jwenn kantite
bèt, pwovizyon, rad ak anpil lòt bagay ki te gen valè. Yo
pase twa jou ap ranmase. Men te gen sitelman, yo pa t'

ka pran tout pote ale. 26 Sou katriyèm jou a, yo sanble
nan fon benediksyon an pou fè lwanj Seyè a pou tou sa li
te fè pou yo. Se poutèt sa yo rele fon an Beraka, non ki
rete pou li jouk jounen jòdi a. 27 Lèfini, tout moun peyi
Jida yo ak moun lavil Jerizalèm yo ak wa Jozafa alatèt
yo tounen lavil Jerizalèm ak gwo kè kontan, paske se
Seyè a menm ki te ba yo okazyon fè fèt sou do lènmi yo.
28 Lè yo rive lavil Jerizalèm, yo ale nan Tanp Seyè a,
pandan yo t'ap jwe gita, bandjo ak twonpèt. 29 Lè moun
lòt nasyon yo vin konnen jan Seyè a te kraze lènmi peyi
Jida yo, yo tout te soti pè anpil. 30 Se konsa rèy Jozafa a
pase dous, san bri san kont. Bondye te fè tout peyi ki te
nan vwazinaj yo viv byen avè l'. 31 Lè Jozafa moute sou
fotèy wa peyi Jida a, li te gen trannsenkan sou tèt li. Li
pase vennsenkan ap gouvènen lavil Jerizalèm. Manman l'
te rele Azouba. Se te pitit fi Chilki. 32 Jozafa te swiv Asa,
papa l', pye pou pye nan tou sa li te fè. Li te fè sa ki dwat
devan Seyè a. 33 Tansèlman, tanp zidòl yo te la toujou
nan peyi a, kifè pèp la pa t'ap sèvi Bondye zansèt yo a ak
tout kè yo. 34 Tou sa Jozafa te fè depi premye jou li te
moute wa a rive jouk dènye jou a, n'a jwenn sa ekri nan
liv Istwa Jeou, pitit Anani an, ki yon pòsyon nan liv Istwa
Wa peyi Izrayèl yo. 35 Yon lè, Jozafa, wa peyi Jida a, te
pase kontra ak Okozyas, wa peyi Izrayèl la, ki te fè anpil
bagay ki te mal devan Seyè a. 36 Yo mete ansanm, yo fè
fè anpil gwo batiman nan pò lavil Ezyongebè pou al fè
trafik sou lanmè jouk nan peyi Tasis. 37 Men Elyezè, pitit
gason Dodava a, moun lavil Marecha, te avèti Jozafa. Li
te di l': -Paske ou te mete tèt ou ak Okozyas, Seyè a pral
kraze sa ou te bati a. Batiman yo kraze, yo pa janm rive
vwayaje pou peyi Tasis.

21 Jozafa mouri, yo antere l' nan tonm wa yo, nan lavil
David la. Se pitit li, Joram, ki moute sou fotèy la
nan plas li. 2 Joram, pitit Jozafa, wa peyi Jida a, te gen
sis frè: Azarya, Jeyèl, Zakari, Azaryawou, Mikayèk ak
Chefatyawou. 3 Papa yo te ba yo chak yon kantite lò,
ajan, ak tout kalite lòt bagay ki gen valè. Li mete yo chèf
nan gwo lavil ki gen miray ranpa nan peyi Jida a. Men li
te mete Joram wa nan plas li, paske Joram te premye
pitit gason l'. 4 Lè Joram moute wa nan plas papa l', li
chita otorite l' byen chita nan peyi a. Lèfini, li fè touye
tout frè l' yo ansanm ak kèk gwo chèf pèp Izrayèl la. 5
Joram te gen tranndezan lè li moute wa. Li gouvènen
lavil Jerizalèm pandan witan. 6 Li fè tankou wa Akab ak
lòt wa peyi Izrayèl yo te fè. Li te marye ak yon pitit fi
Akab, li fè sa ki mal nan je Seyè a. 7 Men Seyè a pa
t' vle detwi fanmi David la, paske li te pase kontra ak
David. Li te pwomèt David li t'ap toujou gen yon moun
nan ras li pou gouvènen peyi a devan Seyè a. 8 Sou rèy
wa Joram, moun peyi Edon yo pran lèzam kont moun peyi
Jida yo. Yo pran libète granmoun yo, yo nonmen yon wa
pou gouvènen yo. 9 Se konsa Joram soti ak tout chèf li
yo ak tout cha lagè li yo, li mache sou yo. Lame moun
Edon yo sènen l'. Pandan lannwit, Joram ak chèf cha lagè
li yo leve, yo atake moun Edon yo, yo pase soti nan mitan
yo, yo chape kò yo. 10 Se depi lè sa a, peyi Edon soti
anba otorite peyi Jida a. Yo granmoun lakay yo. Se menm
lè sa a tou, moun lavil Libna yo soti anba otorite peyi Jida
a, paske Joram te vire do bay Seyè a, Bondye zansèt yo
a. 11 Li te menm rive fè bati tanp pou sèvi zidòl nan mòn
peyi Jida yo. Li lakòz moun lavil Jerizalèm yo vire do bay
Bondye. Li fè peyi Jida a pèdi wout li. 12 Se konsa Joram
resevwa yon lèt pwofèt Eli te voye ba li. Nan lèt la pwofèt
la di: -Men sa Seyè a, Bondye David, zansèt w'a a, voye
di ou: Ou pa swiv egzanp Jozafa, papa ou, ni egzanp Asa,
granpapa ou. 13 Ou te pito swiv egzanp wa peyi Izrayèl
yo. Ou lakòz peyi Jida a ak tout moun lavil Jerizalèm yo
vire do bay Bondye tankou moun fanmi Akab yo te fè l' la.
Ou menm rive touye frè ou yo, pwòp pitit papa ou yo, ki te
pi bon pase ou. 14 Se poutèt sa, Seyè a pral voye yon
gwo malè sou pèp la, sou pitit ou yo, sou madanm ou yo
ak sou tou sa ou genyen. 15 Ou menm pou tèt pa ou, ou
pral malad anpil. Ou pral gen yon sèl maladi vant ki pral fè
ou soufri jouk trip ou va soti. 16 Lè sa a, te gen kèk moun
Filisti ak moun Arabi ki t'ap viv toupre ak moun Letiopi yo.
Seyè a fè yo vin atake Joram. 17 Yo anvayi peyi Jida, yo
piye palè wa a, yo fè tout madanm li yo prizonye ansanm
ak tout pitit gason l' yo. Sèl pitit gason yo te kite pou li
se te Joakaz, ti dènye a. 18 Apre sa, Seyè a voye yon
sèl maladi vant sou li ki pa t' ka geri. 19 Pandan dezan
maladi a t'ap minen l', trip li yo soti, li t'ap soufri anpil lè li
mouri. Pèp la pa t' limen boukan pou li jan yo te fè l' pou
zansèt li yo. 20 Joram te gen tranndezan lè li moute wa, li
gouvènen lavil Jerizalèm pandan witan. Pesonn pa t' pran
lapenn pou li lè li mouri. Yo antere l' nan lavil David la,
men yo pa mete l' nan tonm wa yo.

22 Yon bann arab te anvayi kan lame a, yo te touye
tout gran pitit gason Joram yo. Sèl Okozyas, dènye
pitit gason l' lan, te rete. Se konsa pèp Jerizalèm lan
fè Okozyas wa nan plas papa l'. 2 Okozyas te gen
venndezan lè li moute wa. Li gouvènen lavil Jerizalèm
pandan yon sèl lanne. Manman l' te rele Atali, pitit fi Akab,
pitit pitit fi Omri. 3 Okozyas tou te mache pye pou pye
dèyè moun fanmi Akab yo, paske manman l' t'ap ba li
move konsèy. 4 Li fè sa ki mal nan je Seyè a paske,
apre lanmò papa l', se lòt moun fanmi Akab yo ki vin sèvi
tankou konseye wa a. Se sa ki pèdi l' nèt. 5 Li koute
konsèy yo, li mete tèt ansanm ak Joram, pitit pitit Akab,
wa peyi Izrayèl la, pou al atake Azayèl, wa peyi Siri a.
Lame yo kontre yonn ak lòt lavil Ramòt nan peyi Galarad.
Moun Siri yo blese Joram. 6 Joram tounen lavil Jizreyèl
pou l' te refè anba blese li te pran nan batay li t'ap mennen
kont Azayèl, wa peyi Siri a, lavil Ramòt. Lè sa a, Okozyas
moute lavil Jizreyèl pou l' vizite Joram, pitit pitit Akab,
paske Joram te malad. 7 Se Bondye ki te fè Okozyas al
rann Joram vizit sa a pou l' te ka kraze l'. Rive Okozyas
rive, li pati ansanm ak Joram al kontre Jeou, pitit gason
Nimchi a, yon moun Bondye te chwazi pou disparèt tout
fanmi Akab la. 8 Se konsa, pandan Jeou t'ap regle ak

fanmi Akab la, li kontre kèk chèf peyi Jida ak ti fanmi wa
Okozyas yo ki t'ap sèvi nan lame Okozyas la. Li touye
tout. 9 Apre sa, li mande pou yo chache Okozyas ki te
kache nan peyi Samari a. Yo jwenn li, yo mennen l' bay
Jeou ki fè yo touye l'. Apre sa, yo antere kadav li, paske
yo t'ap di se pitit pitit Jozafa ki te fè sa l' kapab pou l' sèvi
Seyè a. Se konsa pa t' rete pesonn nan fanmi Okozyas
la ki te ka pran pouvwa a pou gouvènen. 10 Lè Atali,
manman Okozyas, vin konnen yo te touye pitit li a, li bay
lòd pou yo touye tout rès fanmi wa peyi Jida yo. 11 Men,
lè yo t'ap touye pitit wa yo, Jozabèt, pitit fi wa Joram lan,
pran Joas, pitit gason Okozyas la, li sere l'. Li kache l'
ansanm ak moun ki te sèvi l' nouris la nan yon chanm
kote moun dòmi nan Tanp lan. Se konsa, Jozabèt, pitit
fi wa Joram lan, sè menm papa ak Okozyas, epi ki te
madanm Jeojada, prèt la, te sere Joas san Atali pa konn
sa, kifè li pa t' mouri tou. 12 Pandan sizan Joas te rete
kache nan Tanp lan ansanm ak moun ki te sèvi l' nouris
la. Atali menm t'ap gouvènen peyi a.

23 Sou setyèm lanne a, Jeojada, prèt la, pran kouraj
li ak de men, li deside lè a rive pou l' fè sa pou l'
fè a. Li fè rele senk kaptenn nan lame a: Azarya, pitit
Jewokam, Ismayèl, pitit Jokanan, Azaryawou, pitit gason
Obèd, Maseja, pitit gason Adaja ak Elichafat, pitit Zikri. Li
pran yon dizon ak yo. 2 Mesye sa yo vwayaje ale nan tout
lavil peyi Jida yo, yo al chache moun Levi yo ak tout chèf
fanmi yo, fè yo moute lavil Jerizalèm. 3 Yo tout reyini nan
Tanp lan. Yo pase yon kontra ak wa Joas, lèfini Jeojada di
yo: -Men pitit gason defen wa nou an. Se li menm ki pral
gouvènen koulye a jan Seyè a te pwomèt fanmi David
la. 4 Men sa nou pral fè: Lè prèt yo ak moun Levi yo va
vin pran pòs jou repo a, y'a separe fè twa gwoup menm
fòs. Yon gwoup va fè pòs nan pòtay Tanp lan. 5 Yon lòt
gwoup va pran pòs bò palè wa a. Rès yo va moute lagad
bò pòtay fondasyon an. Tout pèp la va sanble nan gwo
lakou Tanp Seyè a. 6 Pa kite pesonn antre anndan Tanp
lan, esepte prèt ak moun Levi ki nan sèvis yo. Yo menm
yo gen dwa antre, paske yo mete yo apa pou Bondye.
Tout rès pèp la va rete deyò pou moute lagad pou Seyè
a. 7 Moun Levi yo va fè yon wonn ak wa a nan mitan
yo. Y'a kenbe zam yo nan men yo. Kote wa a va fè, y'a
mache avè l' nan pozisyon sa a. Si yon moun ta vle seye
antre nan Tanp lan, touye l'. 8 Moun Levi yo ak tout moun
peyi Jida yo fè tou sa Jeojada te ba yo lòd fè a. Jeojada,
prèt la, pa t' kite gwoup ki te fin fè sèvis yo jou repo a
ale. Konsa, kaptenn lame yo te gen avèk yo ni sa ki t'ap
vin pran sèvis, ni sa ki te fin fè sèvis yo. 9 Jeojada bay
kaptenn lame yo frenn ak divès plak pwotèj wa David yo
ki te sere nan Tanp Bondye a. 10 Li mete moun ak nepe
nan men yo sou tout devan Tanp lan ak devan lotèl la,
depi sou bò gòch rive sou bò dwat Tanp lan pou pwoteje
wa a. 11 Lèfini, li fè Joas, pitit wa a, soti. Li mete kouwòn
lan sou tèt li, li pase ti chenn yo nan ponyèt li ak nan
janm li. Yo fè l' wa. Jeojada, prèt la, ak pitit li yo vide lwil
sou tèt Joas pou mete l' apa pou travay la. Tout pèp la
pran rele: -Viv wa a! 12 Lè Atali tande bri pye pèp la ki
t'ap kouri epi ki t'ap bat bravo pou wa a, li prese al nan
Tanp kote pèp la te ye a. 13 Li wè wa a te kanpe bò
gwo poto a, bò pòtay pou antre nan Tanp lan, chèf yo ak
tout mizisyen yo bò kote l'. Tout pèp la te kontan, yo t'ap
kònen twonpèt. Sanba yo ak enstriman mizik yo t'ap voye
chante. Kè Atali kase, li chire rad sou li, li pran rele: -Men
yo moute yon konplo sou do m'. 14 Lamenm Jeojada, prèt
la, bay kaptenn ki t'ap kòmande lame a lòd, li di yo: -Pase
nan mitan de ran sòlda yo avè l', mennen l' deyò. Touye
nenpòt moun nou wè ki ta vle swiv li. Prèt la te bay lòd
pou yo pa touye Atali anndan Tanp Seyè a. 15 Yo pran
Atali, yo mennen l' nan palè wa a, bò Pòtay Chwal yo. Se
la yo touye l'. 16 Lè sa a, Jeojada pase yon kontra ak
wa a ansanm ak tout pèp la. Dapre kontra a, yo rekonèt
se pèp Seyè a yo ye. 17 Lè yo fini, tout pèp la ale nan
tanp Baal la, yo demoli l'. Yo kraze tout lotèl yo ak tout
estati li yo. Yo touye Matan, prèt Baal la, devan lotèl yo.
18 Jeojada mete gad pou fè faksyon devan Tanp Seyè
a, anba otorite prèt yo ak moun Levi yo ki te reskonsab
travay nan Tanp lan. Chak prèt ak chak moun Levi te gen
jou pa yo David te ba yo pou yo te pran sèvis pou boule
nèt ofrann pou Seyè a, dapre lalwa Moyiz la. Se yo menm
tou ki te reskonsab voye chante kè kontan jan David te
moutre l' la. 19 Jeojada mete gad an faksyon devan pòtay
Tanp lan pou enpoze moun ki pa nan kondisyon pou fè
sèvis Bondye a antre. 20 Apre sa, li pran kaptenn yo,
notab yo, otorite yo ak tout rès pèp la, yo soti nan Tanp
lan ansanm ak wa a, yo mennen l' ale nan palè a. Yo
pase antre nan pòtay Wa a. Lèfini, yo fè wa a chita sou
fotèy li. 21 Tout pèp la te kontan anpil. Pat gen yon ti bri
nan lavil la depi yo te fin touye Atali ak kout nepe a.

24 Joas te gen sètan lè li moute wa. Li pase karantan
lavil Jerizalèm ap gouvènen peyi a. Manman l' te
yon moun lavil Bècheba ki te rele Zibya. 2 Joas te fè
sa ki dwat devan Seyè a toutotan Jeojada, prèt la, pa t'
ankò mouri. 3 Jeojada te marye wa a ak de madanm ki
ba li pitit gason ak pitit fi. 4 Kèk tan apre sa, Joas pran
desizyon pou l' repare Tanp Seyè a. 5 Li reyini prèt yo ak
moun Levi yo, li di yo: -Ale nan tout lavil peyi Jida yo.
Ranmase lajan nan men tout pèp la pou repare Tanp lan
chak lanne. Souke kò nou, pa mize. Men moun Levi yo pa
t' prese. 6 Lè sa a, wa a fè rele Jeojada, granprèt la, li
di l' konsa: -Poukisa ou pa rele dèyè moun Levi yo pou
yo ranmase nan men moun peyi Jida yo ak moun lavil
Jerizalèm yo lajan Moyiz, sèvitè Seyè a, ansanm ak tout
pèp Izrayèl la te dakò pou yo egzije pèp la bay pou Tanp
Randevou a? 7 Atali ki te yon fanm vèmen ansanm ak
moun pa l' yo te antre fè dega nan Tanp Seyè a. Yo te
pran bagay yo te mete apa pou Bondye nan Tanp lan pou
fè sèvis pou Baal li yo. 8 Lè sa a wa a bay lòd pou yo fè
yon gwo bwat pou yo mete bò pòtay Tanp lan, sou deyò.
9 Apre sa, li voye fè konnen nan tout lavil Jerizalèm ak
nan peyi Jida pou tout moun pote bay Seyè a lajan Moyiz,

sèvitè Bondye a, te mande pèp Izrayèl la bay lè yo te nan
dezè a. 10 Sa te fè tout chèf yo ak tout pèp la kontan. Yo
pote lajan taks la, yo mete l' nan bwat la jouk li rive plen.
11 Chak jou, moun Levi yo te pote bwat la bay chèf wa a
te mete reskonsab pou sa. Lè yo wè bwat la plen, sekretè
wa a ak komisè granprèt la te delege pou sa a wete lajan
an. Apre sa, yo mete bwat vid la nan plas li ankò. Yo te fè
sa chak jou. Konsa yo te ranmase anpil lajan. 12 Wa a
ak Jeojada renmèt lajan an bay moun ki te reskonsab
repare Tanp Seyè a. Moun sa yo menm te anplwaye
mason ak chapant sou kontra pou repare Tanp Seyè a.
Yo te anplwaye bòs ki gen ladrès pou travay fè ak kwiv
pou repare Tanp lan tou. 13 Tout moun ki te reskonsab
travay la mete men. Yo repare Tanp lan, yo mete l' jan l' te
ye anvan an, yo fè l' byen solid. 14 Lè yo fini ak travay
reparasyon an, yo pote rès lò ak rès ajan an renmèt wa a
ak Jeojada ki sèvi avèk yo pou fè bagay pou Tanp Seyè
a, tankou bòl ak veso yo bezwen lè y'ap fè sèvis, lè y'ap
boule bèt yo touye pou Bondye ak tout kalite veso an
lò ak an ajan. Pandan tout tan Jeojada te la a, yo pa te
sispann boule bèt nèt nan dife nan Tanp Seyè a jan pou
yo fè l' la. 15 Men, Jeojada te fin vye granmoun. Li te gen
santrantan lè li mouri. 16 Yo antere l' nan tonm wa yo nan
lavil David la, paske li te fè anpil pou pèp Izrayèl la, pou
Bondye ak pou Tanp li a. 17 Mouri Jeojada mouri, chèf
peyi Jida yo vin jwenn wa a, yo bese tèt jouk atè devan li.
Wa a koute konsèy yo. 18 Se konsa pèp la sispann sèvi
Bondye zansèt yo nan Tanp Seyè a, yo tanmen fè sèvis
pou estati Achera yo ak pou lòt zidòl. Poutèt peche sa a,
Seyè a fache anpil sou peyi Jida ak sou lavil Jerizalèm. 19
Seyè a voye pwofèt pou fè pèp la tounen vin jwenn li, men
pèp la derefize koute sa pwofèt yo t'ap di yo. 20 Lè sa a,
lespri Bondye desann sou Zakari, pitit gason Jeojada,
prèt la. li al kanpe yon kote pou tout pèp la wè l', li di yo
konsa: -Seyè a, Bondye a mande poukisa nou pa vle swiv
kòmandman li yo kifè n'ap rale malè sou nou konsa? Nou
vire do ba li, l'ap vire do ban nou tou! 21 Men pèp la fè
konplo sou do Zakari. Wa a bay lòd pou yo touye l' ak
kout wòch nan gran lakou Tanp Seyè a. 22 Joas te bliye
tout byen Jeojada, papa Zakari, te fè pou li, li fè touye
Zakari. Anvan Zakari rann dènye souf li, li di byen fò: -Se
pou Seyè a wè sa ou fè la a, se pou l' pini ou pou sa! 23
Menm lanne sa a, lè sezon prentan rive, lame peyi Siri a
atake wa Joas, yo anvayi peyi Jida ak lavil Jerizalèm. Yo
touye tout chèf yo, yo piye peyi a, yo voye tou sa yo te
pran bay wa lavil Damas la. 24 Lame peyi Siri a pa t'
anpil, men Seyè a te kite l' kraze yon lame ki te plis pase
yo lontan paske pèp Jida a te vire do bay Seyè a, Bondye
zansèt yo a. Se konsa Joas t'ap soufri nan men moun Siri
yo pou sa l' te fè a. 25 Lè moun Siri yo wete kò yo, yo
kite wa a malad grav. De nan chèf ki t'ap sèvi avè l' yo fè
konplo sou do l' pou yo tire revanj lanmò pitit Jeojada,
prèt la. Yo touye wa a sou kabann li. Yo antere l' nan lavil
David la, men yo pa mete l' nan tonm wa yo. 26 Men non
chèf ki te fè konplo a: se te Zabad, pitit gason Chimeya,
yon fanm peyi Amon ak Jeozabad, pitit Chimrit, yon fanm
peyi Moab. 27 Nan esplikasyon yo bay sou liv wa yo, n'a
jwenn istwa pitit gason Joas yo, mesaj pwofèt yo te bay
sou li, epi yo rakonte ki jan li te rebati Tanp Bondye a. Se
Amasya, pitit Joas la, ki moute wa nan plas li.

25 Amasya te gen vennsenkan lè li moute wa.
Li gouvènen lavil Jerizalèm pandan ventnevan.
Manman l' te rele Jeojadan, moun lavil Jerizalèm. 2
Amasya te fè sa ki dwat devan Seyè a, men pa ak tout kè
li. 3 Lè Amasya fin chita otorite l', li fè touye chèf lame ki
t'ap sèvi avè l' yo epi ki te touye papa l'. 4 Men li pa t'
manyen pitit ansasen sa yo, paske dapre sa ki ekri nan
Liv lalwa Moyiz la, Bondye te bay lòd sa a: Nou pa gen
dwa touye yon papa pou krim pitit li fè. Ni nou pa gen dwa
touye yon pitit pou krim papa l' te fè. Y'a touye yon moun
pou krim li menm li fè. 5 Amasya reyini tout gason nan
branch fanmi Jida yo ak nan branch fanmi Benjamen yo, li
moute yon lame, chak fanmi apa. Li mete yon chèf alatèt
chak rejiman mil sòlda ak yon chèf alatèt chak divizyon
san sòlda. Li fè konte tout gason ki te gen ventan ak sa ki
te gen ventan depase. Li fè kouche yo sou rejis. Li jwenn
te gen twasanmil (300.000) sòlda ki te pi bon nan sèvi ak
zam, ki te pare pou fè lagè, ki te gen ladrès pou sèvi ak
frenn ak gwo plak pwotèj. 6 Lèfini, li pran sanmil (100.000)
vanyan sòlda nan peyi Izrayèl, li peye yo chak twasan
(300) kilo ajan pou yo goumen pou li. 7 Men yon pwofèt
Bondye vin di li: -Monwa, pa pran sòlda peyi Izrayèl sa
yo ak ou nan lame a, paske Seyè a pa avèk moun peyi
Izrayèl yo, avèk bann pitit Efrayim sa yo. 8 Paske si ou
konprann ou ka ranfòse lame ou la avèk moun sa yo pou
ou al fè lagè, Bondye ap fè ou bese tèt devan lènmi ou
yo, paske se Bondye ki gen pouvwa pou fè ou genyen
osinon pou fè ou pèdi batay la. 9 Amasya mande pwofèt
Bondye a: -Bon, sa k'ap rive twa san kilo ajan sa yo mwen
deja bay sòlda peyi Izrayèl yo? Pwofèt la reponn li: -Seyè
a ka renmèt ou plis pase sa! 10 Se konsa Amasya fè
sòlda li te fè vini soti nan peyi Efrayim yo mete kò yo sou
kote, li voye yo al fè wout yo lakay yo. Men sòlda sa
yo te fache anpil sou moun peyi Jida yo poutèt sa. Yo
tounen lakay yo byen move. 11 Amasya mete gason sou
li, li mennen lame li a nan Fon Sale a kote li touye dimil
(10.000) moun mòn Seyi. 12 Sòlda peyi Jida yo fè dimil
(10.000) prizonye met sou sa. Yo pran yo, yo mennen yo
sou tèt yon falèz, yo lage yo anba kote yo mouri kraze.
13 Men, sòlda Amasya te voye tounen lakay yo pou yo
pa ale nan lagè ansanm avè l' yo, anvayi lavil peyi Jida
yo, depi lavil Samari rive lavil Bètowon. Yo touye twamil
(3.000) moun, yo pran yon pakèt bagay pote ale. 14 Lè
Amasya t'ap tounen apre li fin kraze moun peyi Edon yo, li
pran bondye moun mòn Seyi yo avè l'. Li fè yo tounen
bondye pa l', li sèvi yo, li boule lansan pou yo. 15 Seyè a
fache kont Amasya. Li voye yon pwofèt pou di l' konsa: -
Poukisa koulye a ou pran sèvi bondye yon pèp ki pa t' ka
sove pèp sa a anba men ou? 16 Amasya koupe l' lapawòl,
li di li: -Depi kilè mwen te nonmen ou konseye wa a? Pe

la, si ou pa bezwen m' fè yo wonpi ou! Pwofèt la rete sou
sa l' t'ap di a, men li di: -Koulye a mwen konnen Bondye
pran desizyon pou l' fini avè ou vre, paske ou fè sa ou fè
a, epi ou pa vle koute konsèy mwen. 17 Men Amasya, wa
peyi Jida a, koute konsèy lòt moun, li voye misyon bay
Joas, pitit Joakaz, pitit pitit Jeou, wa peyi Izrayèl la, li di l':
-Vini non! Ann wè sa ki pi fò! 18 Men, Joas voye reponn li:
-Yon jou, yon pye pikan ki te sou mòn Liban an voye yon
misyon bay yon pye sèd. Li di l': Bay pitit gason m' lan pitit
fi ou la pou l' marye avè l'. Yon bèt bwa pase bò la, li
kraze pye pikan an. 19 Amasya, ou di ou kraze moun peyi
Edon yo, koulye a, ou kite lògèy vire tèt ou. Men pito ou
rete chita lakay ou tande! Poukisa pou w'ap chache traka
bay kò ou epi pou sa pase mal ni pou ou, ni pou peyi Jida
a? 20 Men Amasya derefize koute l'. Paske se te volonte
Bondye pou l' te lage l' nan men Joas poutèt li te pran
sèvi bondye pèp Edon yo. 21 Se konsa Joas soti ak lame
li pou l' al goumen ak Amasya bò lavil Bètchemès, nan
peyi Jida. 22 Lame Izrayèl la bat lame Jida a byen bat.
Tout sòlda peyi Jida yo vole gaye, yo kouri al lakay yo. 23
Joas, wa peyi Izrayèl la, fe Amasya, pitit Joas, pitit pitit
Joakaz, wa peyi Jida a, prizonye lavil Bètchemès. Lèfini,
li mache sou lavil Jerizalèm. Li kraze miray lavil la sou
yon longè ki pran depi nan pòtay Efrayim lan rive jouk bò
pòtay Kwen an. Sa te fè antou 180 mèt nan miray la. 24
Li pran dènye bagay an lò ak an ajan li jwenn, tou sa ki te
nan Tanp Seyè a sou kont Obèd-Edon, ak tout richès ki te
nan palè a, san konte kantite moun li te fè prizonye tankou
yon garanti. Apre sa, li tounen tounen l' lavil Samari. 25
Amasya, wa peyi Jida a, te viv kenzan ankò apre lanmò
Joas, pitit Joakaz, wa peyi Izrayèl la. 26 Tout rès istwa
Amasya a, depi premye jou li te moute wa a rive jouk
dènye jou a, tou sa ekri nan liv Istwa Wa peyi Izrayèl yo.
27 Depi lè Amasya te lage pye Seyè a, yo t'ap fè konplo
sou do l' lavil Jerizalèm. Bout pou bout, li kouri al kache
lavil lakis. Men, yo voye dèyè l' jouk lavil lakis, yo pran
l', yo touye l'. 28 Lèfini yo pote kadav li sou chwal lavil
Jerizalèm. Yo antere l' nan tonm wa yo nan lavil David la.

26 Tout pèp peyi Jida a pran Ozyas, pitit gason Amasya
a, yo fè l' wa nan plas papa l'. Ozyas te gen sèzan
lè sa a. 2 Se li menm ki reprann lavil Elat, li fè l' tounen
anba otorite wa peyi Jida a apre lanmò papa l'. 3 Ozyas
te gen sèzan lè li moute wa peyi Jida. Li gouvènen nan
lavil Jerizalèm pandan senkanndezan. Manman l' te rele
Jekolya. Se te moun lavil Jerizalèm. 4 Ozyas te fè sa ki
dwat devan Seyè a menm jan ak Amasya, papa l', te fè l'.
5 Pandan toutan Zakari te la pou moutre l' jan pou l' gen
krentif Bondye a li t'ap sèvi Seyè a san mank. Pandan tout
tan li t'ap sèvi Seyè a, Bondye te fè zafè l' mache byen. 6
Ozyas leve al goumen ak moun Filisti yo. Li kraze miray
ranpa lavil Gat, lavil Jabne ak lavil Asdòd. Li bati lòt lavil
ak miray ranpa nan zòn Asdòd ak nan mitan peyi Filisti a.
7 Bondye ede l' goumen kont moun Filisti yo, kont moun
Arabi ki t'ap viv lavil Goubaal yo, ak kont moun Mawon yo.
8 Moun Amon yo te peye lajan taks bay Ozyas. Yo t'ap
nonmen non l' jouk sou fwontyè peyi Lejip, paske li te vin
gen anpil pouvwa. 9 Ozyas ranfòse defans lavil Jerizalèm.
Li bati gwo fò tou won bò Pòtay Kwen an, bò Pòtay Fon an
ak nan yon kwen miray la. 10 Li bati gwo fò tou won nan
dezè a, li fouye gwo basen pou kenbe dlo paske li te gen
anpil mouton ni nan plenn lan ni sou platon yo. Li te gen
moun ap travay pou li nan jaden li yo, ak moun pou okipe
jaden rezen l' yo nan mòn, paske li te renmen travay latè.
11 Ozyas te gen yon gwo lame toujou pare pou fè lagè.
Lame a te separe an gwoup, dapre jan yo te enskri nan
rejis Jeiyèl, sekretè wa a, ak Masyas, grefye a, te kenbe
sou kontwòl Ananya, yonn nan gwo chèf wa a. 12 Te gen
demil sisan (2.600) chèf fanmi alatèt vanyan sòlda sa yo.
13 Sou zòd yo te gen yon lame ak twasansètmil senksan
(307.500) sòlda toujou pare pou lagè. Yo te grannèg anpil,
yo te toujou pare pou al goumen ak lènmi wa yo. 14
Ozyas bay tout moun nan lame a plak pwotèj, frenn, kas
pou tèt yo, rad an plak fè, banza ak flèch, ak wòch pou
gwo fistibal. 15 Nan lavil Jerizalèm, li te gen yon enjenyè
ki t'ap fè tout kalite machin pou voye flèch ak gwo wòch.
Li fè mete machin sa yo nan fò won yo ak nan kwen miray
ranpa yo. Yo t'ap nonmen non Ozyas byen lwen, paske
Bondye te sitèlman ede l' li te vin gen anpil pouvwa. 16
Men, lè li fin chita pouvwa l' byen chita, lògèy vire tèt li, sa
lakòz pye l' chape. Li fè bagay Seyè a, Bondye li a, pa t'
ba li dwa fè. Yon jou li antre nan Tanp Seyè a pou boule
lansan sou lotèl lansan an. 17 Azarya, prèt la, antre dèyè
l' ak katreven lòt prèt Seyè a, tout vanyan gason. 18 Yo
vin kanpe devan wa a, yo di l': -Ozyas, ou pa gen dwa
boule lansan pou Seyè a. Se prèt yo ase, moun fanmi
Arawon yo, yo mete apa pou fè sa. Wete kò ou kote yo
mete apa nèt pou Seyè a. Paske sa w'ap fè a pa bon
devan Bondye. Bondye p'ap kontan avè ou poutèt sa. 19
Ozyas te kanpe ak lansanswa a nan men l' pou l' te ofri
lansan an. Li move sou prèt yo. Lamenm, nan mitan Tanp
Seyè a, toupre lansan an, devan tout prèt yo, yon move
maladi po parèt sou fwon li. 20 Lè granprèt la, Azarya,
ak lòt prèt yo gade l', yo wè maladi a parèt sou fwon li.
Yo mete l' deyò. Li menm, li prese soti paske se Seyè a
menm ki te pini l'. 21 Wa Ozyas rete ak maladi po a sou li
jouk li mouri. Li te rete nan yon ti kay apa pou kont li, jan
yo fè l' pou moun ki gen maladi sa a. Yo enpoze l' mete
pye l' nan kay Seyè a. Se Jotam, pitit gason l' lan, ki te
reskonsab tout bagay nan palè a. Se li menm tou ki te
gouvènen pèp la nan peyi a. 22 Pwofèt Izayi, pitit Amòz
la, te ekri tout rès istwa Ozyas la, depi premye jou li te
moute wa a rive jouk dènye jou a. 23 Lè Ozyas mouri, yo
antere l' apa nan simityè wa yo. Poutèt vye maladi po li a,
yo pa t' mete l' nan tonm wa yo. Se Jotam, pitit li a, ki
moute wa nan plas li.

27 Jotam te gen vennsenkan lè li moute wa peyi Jida.
Li gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan sèzan.
Manman l' te rele Jewoucha. Se te pitit fi Zadòk. 2 Jotam
te fè sa ki dwat devan Seyè a, tankou Ozyas, papa l', te fè.
Tansèlman, li pa t' janm mete pwent pye l' nan Tanp lan.

Pèp la menm te toujou ap fè vye sèvis li yo. 3 Se Jotam ki
te bati Pòtay Nò Tanp Seyè a. Li fè anpil travay nan miray
lavil la nan zòn yo rele Ofèl la. 4 Li bati anpil lavil nan
mòn peyi Jida a. Li bati gwo fò ak fò won nan tout rakbwa
yo. 5 Li fè lagè ak wa peyi Amon an. Li bat li. Lanne sa
a, moun peyi Amon yo ba li twamiltwasan (3.300) kilo
ajan, senkantmil (50.000) barik ble ak senkantmil barik
lòj. Pandan dezan apre sa, yo ba li menm kantite a chak
lanne. 6 Jotam te vin gen anpil pouvwa, paske li te mache
dwat devan Seyè a, Bondye li a. 7 Tout rès istwa Jotam
lan, tout lagè li te fè, tou sa li te reyalize, nou jwenn sa
ekri nan liv Istwa wa peyi Izrayèl ak wa peyi Jida yo. 8
Li te gen vennsenkan lè li moute wa nan peyi Jida. Li
gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan sèzan. 9 Lè Jotam
mouri, yo antere l' nan lavil David la. Se Akaz, pitit li, ki
moute wa nan plas li.

28 Akaz te gen ventan lè li moute wa peyi Jida. Li
gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan sèzan. Men,
li pa t' fè sa ki dwat devan Seyè a, Bondye li a, tankou
David, zansèt li a, te fè l'. 2 Li te pito fè tankou wa peyi
Izrayèl yo. Li menm rive fè estati an kwiv pou Baal yo. 3
Li fè boule lansan pou yo nan Fon Benninon an, li ofri
pwòp pitit gason l' yo pou yo boule yo dapre vye prensip
krimenèl nasyon Seyè a te mete deyò pou fè plas pou
moun Izrayèl yo. 4 Li fè touye bèt, boule lansan nan tout
tanp zidòl yo, sou ti mòn yo ak anba gwo pyebwa. 5
Poutèt tout bagay sa yo, Seyè a, Bondye Akaz la, lage l'
nan men wa peyi Siri a. Moun Siri yo bat li. Yo fè anpil
moun peyi a prizonye, yo mennen yo lavil Damas. Konsa
tou, Seyè a lage l' nan men wa peyi Izrayèl la ki bat li
byen bat. 6 Se konsa, yon sèl jou Peka, pitit Remalya,
touye sanvenmil (120.000) sòlda, tout vanyan gason, nan
peyi Jida a, paske pèp la te vire do bay Seyè a, Bondye
zansèt yo a. 7 Zikri, yon vanyan sòlda peyi Efrayim, touye
Maseja, pitit wa a, Azrikam, chèf palè a, ak Elkana, chèf
ki vin apre wa a. 8 Atout moun peyi Jida yo te fanmi
moun peyi Izrayèl yo, moun peyi Izrayèl yo fè desanmil
(200.000) moun prizonye, fanm ak timoun, yo piye peyi a,
yo pran yon pakèt bagay pote ale lavil Samari. 9 Nan lavil
Samari te gen yon moun yo te rele Odèd ki te pwofèt
Bondye. Li soti al kontre lame moun peyi Izrayèl yo ki
t'ap rive lavil Samari. Li di yo: -Seyè a, Bondye zansèt
nou yo, te fache sou moun peyi Jida yo. Se poutèt sa
li lage yo nan men nou. Men koulye a, Bondye tande
ki jan nou menm nou ansasinen yo ak raj. 10 Koulye a
menm, nou soti pou nou fè moun peyi Jida ak moun lavil
Jerizalèm yo tounen esklav pou sèvi nou. Men nou menm
poutèt pa nou, lè nou fè sa, èske nou pa fè sa ki mal tou
devan Seyè a, Bondye nou an? 11 Koute sa m'ap di nou:
Prizonye sa yo se frè ak sè nou yo ye. Kite yo tounen
lakay yo, paske se sou nou Seyè a move koulye a. 12 Lè
sa a, kat nan gwo chèf moun peyi Efrayim yo: Azarya, pitit
Jokanan, Berekya, pitit Mesilemòt, Ezekya, pitit Chaloum,
ak Amasa, pitit Adlayi, leve dèyè moun ki te soti nan lagè
yo. 13 Yo di yo: -Pa mennen prizonye sa yo isit la! Si nou
fè sa n'ap antò devan Seyè a. Nou deja fè kont peche nou
konsa, Seyè a tou move sou pèp Izrayèl la, pou n'ap vin
mete ankò sou sa nou fè ki mal ak sou peche nou yo! 14
Se konsa sòlda yo renmèt prizonye yo ak tou sa yo te
pran bay chèf yo ak tout pèp la. 15 Lè sa a, yo chwazi
kat menm mesye sa yo pou yo reskonsab prizonye yo.
Yo pran rad nan bagay sòlda yo te piye yo, yo mete sou
moun ki te toutouni yo, yo biye yo, mete sapat nan pye
yo, yo ba yo manje, yo ba yo bwè. Yo mete renmèd sou
tout kote yo te blese. Yo fè tou sa ki te twò fèb yo moute
bourik, yo mennen tout prizonye yo tounen lavil Jeriko,
lavil Palmis yo, yo renmèt yo bay fanmi yo. Lèfini, yo
tounen tounen yo lavil Samari. 16 Lè sa a, wa Akaz voye
mande wa peyi Lasiri a sekou, 17 paske moun peyi Edon
yo te fè yon pase nan peyi a ankò. Yo bat lame peyi Jida
a, yo fè anpil moun prizonye. 18 Moun Filisti yo, bò pa yo
menm, t'ap piye lavil peyi Jida yo ki te nan pye mòn yo ak
nan zòn Negèv la. Yo pran pou yo lavil sa yo: Bètchemès,
Ajalon, Gedewòt, Soko, Timna ak Gimzo ansanm ak tout
ti bouk ki te sou zòd lavil sa yo. Yo rete ladan yo. 19 Seyè
a te voye tout malè sa yo sou peyi Jida a poutèt Akaz, wa
peyi Jida a, ki te pouse pèp la neglije Bondye yo a, epi
ki poutèt pa l' te vire do bay Bondye nèt. 20 Men Tiglat
Pilesè, wa peyi Lasiri a, vin atake wa Akaz pito. Pase
pou l' ede l', li kraze l' pi mal. 21 Se konsa, Akaz pran
dènye bagay ki gen valè nan kay Seyè a, nan palè wa
a ak lakay chèf yo, li fè wa peyi Lasiri a kado. Men, sa
pa t' sèvi l' anyen. 22 Pandan tout tan yo t'ap kraze l'
konsa a, nonm yo bay pou wa Akaz la t'ap donnen pi mal
nan pa sèvi Seyè a. 23 Li t'ap ofri bèt pou yo touye pou
bondye moun lavil Damas yo ki te bat li. Li t'ap di nan kè
l': Bondye wa peyi Siri yo te ede yo. Si mwen fè sèvis pou
yo, y'a ede m' tou. Men se sèvis bondye sa yo menm ki
lakòz malè rive ni li ni pèp Izrayèl la. 24 Akaz pran tout
veso ki te nan Tanp Bondye a, li kraze yo an miyèt moso.
Li kondannen pòt Tanp Seyè a. Li fè fè lòt lotèl pou lòt
bondye yo toupatou nan lavil Jerizalèm. 25 Li bati tanp
nan tout lavil ak ti bouk nan peyi Jida pou boule lansan
pou lòt bondye yo. Se konsa li fè Seyè a, Bondye zansèt
li yo, fache anpil sou li. 26 Tout rès istwa Akaz la ak tou
sa li te fè depi premye jou li te moute wa a rive jouk dènye
jou a, n'a jwenn tou sa ekri nan Liv Istwa wa peyi Jida
ak wa peyi Izrayèl yo. 27 Lè li mouri, yo antere l' lavil
Jerizalèm, men yo pa t' mete l' nan tonm wa Izrayèl yo.
Se Ezekyas, pitit li, ki moute wa nan plas li.

29 Ezekyas te gen vennsenkan lè li moute wa peyi Jida.
Li gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan ventnevan.
Manman l' te rele Abija. Se te pitit fi Zakari. 2 Ezekyas
te fè sa ki dwat devan Seyè a tankou David, zansèt li
a, te fè l'. 3 Ezekyas te gen yon mwa depi li te wa, lè li
louvri tout pòt nan Tanp Seyè a. Li fè repare yo. 4 Lèfini, li
fè chache tout prèt yo ak moun Levi yo, li reyini yo sou
lakou ki bay sou bò solèy leve nan Tanp lan. 5 Li di yo: -
Nou menm fanmi Levi yo, koute sa m'ap di nou: mete

nou nan kondisyon pou fè sèvis pou Seyè a. Mete Tanp
Seyè a, Bondye zansèt nou yo, nan kondisyon pou yo ka
fè sèvis ladan l' pou li. Wete tout vye bagay yo te mete
ladan l' kifè li pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye a. **6**
Zansèt nou yo pa t' kenbe pawòl yo ak Bondye. Yo te fè
sa ki mal devan Seyè a, Bondye nou an, yo vire do ba
li. Yo pa t' okipe Tanp kote Seyè a rete a ankò. Yo pa
gade l' menm! **7** Yo kondannen tout pòt nan Tanp lan, yo
kite lanp yo mouri, yo sispann boule lansan, yo sispann
boule bèt nan Tanp lan pou Bondye pèp Izrayèl la. **8** Se
poutèt sa Seyè a te fache anpil sou peyi Jida ak sou lavil
Jerizalèm. Tout moun te sezi, tout moun te pè lè yo wè sa
ki rive yo, tout moun t'ap pase yo nan betiz, tankou nou
wè l' nou menm ak pwòp je nou tou. **9** Yo touye papa nou
yo nan lagè. Yo fè madanm ak pitit nou yo prizonye. **10**
Se konsa mwen pran desizyon jòdi a pou m' pase yon
kontra ak Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, pou li ka pa janm
move sou nou ankò. **11** Koulye a, pitit mwen yo, souke kò
nou. Se nou menm Seyè a te chwazi pou toujou kanpe
devan l', pou sèvi l', pou fè travay li, pou boule lansan
pou li. **12** Men moun Levi ki vin pote tèt yo an premye:
Nan branch fanmi Keyat la, se te Makat, pitit Amasayi
ak Joèl, pitit Azarya. Nan branch fanmi Merari a, se te
Kich, pitit Abdi ak Azarya, pitit Jealelèl. Nan branch fanmi
Gèchon an, se te Joak, pitit Zimna ak Edèn, pitit Joak. **13**
Nan branch fanmi Elizafan an, se te Chimri ak Jeiyèl. Nan
branch fanmi Asaf la, se te Zekaraja ak Matanya. **14** Nan
branch fanmi Eyman an, se te Jeiyèl ak Chimeyi. Nan
branch fanmi Jedoutoun lan, se te Chemaja ak Ouziyèl.
15 Mesye sa yo reyini tout fanmi yo, yo fè sèvis pou yo ka
nan kondisyon sèvi Bondye. Lèfini, yo antre nan Tanp
lan pou mete l' nan kondisyon sèvi Bondye, jan wa a te
ba yo lòd la, dapre sa ki nan lalwa Seyè a. **16** Prèt yo
antre anndan Tanp lan pou mete l' nan kondisyon pou fè
sèvis Bondye. Yo pran tout vye bagay yo jwenn ladan l',
yo pote yo deyò nan lakou Tanp lan. Moun Levi yo menm
ranmase yo nan lakou a, yo al jete yo nan ravin Sedwon
an. **17** Yo konmanse travay la premye jou premye mwa a.
Sou wit jou, yo te rive anndan kote ki apa pou Bondye
nan Tanp lan. Yo travay pandan wit jou ankò. Sou sèzyèm
jou mwa a yo te fini nèt ak travay pou mete Tanp lan nan
kondisyon pou l' fè sèvis Bondye ankò. **18** Lè yo fini,
moun Levi yo ale lakay wa Ezekyas, yo di l': -Monwa, nou
fin travay la, nou mete tout kay Seyè a, lotèl pou boule
ofrann yo ak tout batri ki mache avè l' yo, tab pou pen
yo mete apa pou Seyè a ak tout batri pa l' yo tou, nan
kondisyon pou fè sèvis Bondye ankò. **19** Nou pran tout
veso wa Akaz te detounen yo pandan tout tan li te vire do
bay Bondye a, nou repare yo, nou mete yo nan kondisyon
pou fè sèvis Bondye ankò. Koulye a, yo tout devan lotèl
Seyè a. **20** Nan denmen maten, byen bonè, wa Ezekyas
leve, li reyini tout chèf lavil la, li moute ak yo nan Tanp
Seyè a. **21** Yo mennen sèt ti towo, sèt belye mouton, sèt
ti mouton, sèt bouk kabrit, yo ofri yo pou peye pou sa
fanmi wa a ak tout moun pèp Jida yo te fè ki mal ak pou
sa moun te fè ki mal nan Tanp lan. Wa a mande prèt yo,
moun fanmi Arawon yo, pou yo touye bèt yo sou lotèl
Seyè a. **22** Prèt yo touye towo yo anvan, yo ranmase tout
san an nan yon veso, yo al vide l' sou lotèl la. Apre sa, yo
touye belye mouton yo, yo al vide san yo sou lotèl la.
Apre sa ankò, yo touye ti mouton yo, yo al vide san yo
sou lotèl la tou. **23** Lè yo fini, yo mennen bouk kabrit yo te
ofri pou peche yo devan wa a ansanm ak lòt moun ki te
la yo pou yo mete men yo sou tèt bèt yo. **24** Lè yo fin
fè sa, prèt yo touye bouk kabrit yo, yo vide san yo sou
lotèl la tankou yon ofrann pou peche yo. Yo ofri yo bay
Bondye pou mande padon pou peche tout pèp Izrayèl la,
paske wa a te bay lòd pou yo te boule ofrann lan pou
tout pèp Izrayèl la. **25** Wa Ezekyas mete moun Levi nan
Tanp Seyè a avèk senbal, bandjo ak gita, dapre regleman
David, Gad, pwofèt wa a ansanm ak pwofèt Natan te bay,
paske tout lòd Seyè a vle bay, se nan bouch pwofèt li
yo li toujou mete yo. **26** Moun Levi yo al nan plas yo ak
enstriman mizik David yo. Prèt yo te la tou ak twonpèt yo.
27 Ezekyas bay lòd pou yo boule ofrann yo nèt sou lotèl
la. Lè yo konmanse seremoni an, pèp la pran chante pou
Seyè a, yo t'ap kònen twonpèt anmenmtan yo t'ap jwe lòt
enstriman mizik David, wa peyi Izrayèl la. **28** Tout moun
ki te la yo mete ajenou, mizisyen yo t'ap chante, yo t'ap
kònen twonpèt pandan tout seremoni boule a. **29** Lè yo
fin boule ofrann yo sou lotèl la, wa a ak tout moun ki te la
yo mete ajenou, yo bese tèt yo jouk atè devan Bondye.
30 Apre sa, wa Ezekyas ak lòt chèf yo mande moun Levi
yo pou yo chante pou Seyè a chante David ak pwofèt
Asaf te ekri pou fè lwanj Seyè a. Se konsa tout moun t'ap
chante ak kè kontan, antan yo te ajenou ak tèt yo bese
jouk atè. **31** Lè sa a, Ezekyas di pèp la: -Koulye a nou
menm ki mete tèt nou apa pou fè sèvis Seyè a, pwoche
non! Pote ofrann nou ansanm ak bèt pou yo touye pou di
Bondye mèsi. Se konsa tout pèp la pote bèt pou yo touye
ak lòt ofrann pou di Bondye mèsi. Gen ladan yo ki te ofri
bèt pou yo boule nèt pou Bondye paske yo te vle fè l'. **32**
Yo mennen swasanndis towo, san belye mouton ak desan
(200) ti mouton pou yo te boule nèt pou Seyè a. **33** Konsa
tou, yo ofri sisan (600) towo, twamil (3.000) mouton pou
yo touye pou Bondye. **34** Men prèt yo pa t' anpil, yo pa t'
ka kòche tout bèt yo te ofri pou boule nèt yo. Se moun
Levi yo, moun menm fanmi ak yo, ki te vin ede yo fin fè
travay la, jouk lòt prèt yo te fin mete yo nan kondisyon
pou fè sèvis Bondye a, paske moun Levi yo te pi prese
mete yo nan kondisyon pou fè sèvis Bondye a pase prèt
yo. **35** Lèfini, san konte tout bèt yo te touye pou boule nèt
pou Seyè a, prèt yo te gen pou ofri bay Bondye grès lòt
bèt yo te touye pou mande Bondye padon ak ofrann diven
ki mache ak bèt yo boule nèt pou Seyè a. Se konsa yo
konmanse ankò ap fè sèvis pou Bondye nan Tanp lan. **36**
Wa Ezekyas ak tout pèp la te kontan deske Bondye te
penmèt yo fè tou sa san pèdi twòp tan.

30 Ezekyas voye envite tout moun peyi Jida ak tout
moun peyi Izrayèl yo. Li voye lèt bay branch fanmi

Efrayim ak branch fanmi Manase yo. Li voye envite yo
pou yo vin nan Tanp Seyè a, lavil Jerizalèm, pou yo fete
fèt Delivrans lan pou Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la. **2** Wa
a te diskite koze a ak chèf li yo ansanm ak tout pèp lavil
Jerizalèm lan: yo deside pou yo fete fèt Delivrans lan nan
dezyèm mwa a. **3** Yo pa t' ka fè l' lè pou yo te fè l' la pou
de rezon. Pou konmanse, pa t' ankò gen kont pret ki te
nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Lèfini, tout pep la
pa t' reyini lavil Jerizalèm. **4** Ni wa a, ni pèp la te dakò
se te yon bon lide pou yo te fè l' lè sa a. **5** Se konsa yo
pran desizyon voye envitasyon bay tout pèp Izrayèl la,
depi lavil Becheba nan sid jouk lavil Dann nan nò, pou
yo vini lavil Jerizalèm fete fèt Delivrans lan pou Seyè a,
Bondye pèp Izrayèl la. Paske anvan sa, tout moun yo pa
t' konn vini nan fèt la jan Lalwa mande l' la. **6** Se konsa yo
voye mesaje nan tout peyi Jida a ak nan tout peyi Izrayèl
la avèk lèt wa a te siyen ansanm ak chèf li yo. Dapre
lòd wa a te bay, men mesaj yo t'ap mache fè konnen:
-Nou menm rès pèp Izrayèl la, nou menm ki te chape
anba men wa peyi Lasiri yo lè yo te anvayi peyi a, tounen
vin jwenn Seyè a, Bondye Abraram, Bondye Izarak ak
Bondye Izrayèl la, konsa l'a tounen vin jwenn nou tou. **7**
Piga nou fè tankou zansèt nou yo ak lòt frè parèy nou yo
ki pa t' kenbe pawòl yo ak Seyè a, Bondye yo a. Nou wè
jan li te kite yo fini. **8** Pa fè tèt di tankou zansèt nou yo,
men soumèt nou devan Seyè a. Vin lavil Jerizalèm nan
Tanp Seyè a te mete apa pou li pou toutan an. Sevi Seyè
a, Bondye nou an, pou Seyè a pa fache sou nou ankò.
9 Si nou tounen vin jwenn Seyè a, lènmi ki te fè moun
menm fanmi ak nou yo ak pitit nou yo prizonye a va gen
pitye pou yo, l'a kite yo tounen nan peyi yo. Paske Seyè
a, Bondye nou an, se yon Bondye ki gen bon kè, yon
Bondye ki gen pitye pou moun. Si nou tounen vin jwenn li,
l'a louvri bra l' ban nou. **10** Mesaje yo ale toupatou nan
peyi moun Efrayim ak moun Manase yo, yo pase nan
tout lavil yo, yo rive jouk nan peyi moun Zabilon yo. Men,
moun t'ap ri yo, yo t'ap pase yo nan betiz. **11** Tansèlman,
te gen kèk moun nan branch fanmi Asè, nan branch fanmi
Manase ak nan branch fanmi Zabilon ki rekonèt fòt yo epi
ki moute lavil Jerizalèm. **12** Bondye te manyen kè moun
peyi Jida yo tou, yo mete tèt ansanm pou yo fè sa wa a
ak lòt chèf yo te mande yo fè, dapre lòd Seyè a te bay. **13**
Se konsa, yon pakèt moun sanble lavil Jerizalèm nan
dezyèm mwa a, pou yo fete fèt Pen san ledven yo. **14** Yo
pran tout lòt lotèl kote yo te konn boule bèt yo ofri yo ak
lotèl kote yo boule lansan ki te lavil Jerizalèm yo, yo al
voye yo jete nan Fon Sedwon an. **15** Nan katòzyèm jou
dezyèm mwa a, yo touye ti mouton Delivrans yo. Prèt yo
ak moun Levi ki pa t' nan kondisyon pou fè sèvis pou
Seyè a vin wont tèt yo, yo fè sa pou yo fè pou yo ka nan
kondisyon pou sèvis Seyè a, lèfini yo antre nan Tanp lan
al boule bèt yo ofri nèt pou Seyè a. **16** Yo al pran plas yo
nan Tanp lan dapre regleman ki nan lalwa Moyiz, sèvitè
Bondye a. Moun Levi yo bay prèt yo san bèt yo pou yo
vide sou lotèl la. **17** Te gen anpil moun ki pa t' mete tèt yo
nan kondisyon pou fè sèvis Bondye a. Kifè yo pa t' kapab
touye ti mouton Delivrans pa yo. Konsa, se moun Levi yo
ki te fè l' pou yo, lèfini ki te mete yo apa nèt pou Seyè a.
18 Paske pifò moun ki te soti nan branch fanmi Efrayim,
nan branch fanmi Manase, nan branch fanmi Isaka ak nan
branch fanmi Zabilon yo pa t' fè sèvis pou mete tèt yo nan
kondisyon pou sèvi Bondye. Yo te manje manje Delivrans
lan yon jan ki pa konfòm ak sa ki ekri nan liv lalwa a. Men,
Ezekyas lapriyè Bondye pou yo, li di: -O Seyè, Bondye
zansèt nou yo, pou jan ou gen bon kè, tanpri padonnen
19 tout moun sa yo ki soti pou sèvi ou ak tout kè yo, menm
si yo pa nan kondisyon pou sèvi ou, pou yo manyen sa yo
mete apa pou ou yo. **20** Seyè a tande lapriyè Ezekyas te
fè a, li padonnen pèp la. **21** Konsa pandan sèt jou, moun
pèp Izrayèl ki te sanble lavil Jerizalèm yo fete fèt Pen
san ledven yo avèk anpil kè kontan. Chak jou, prèt yo ak
moun Levi yo menm t'ap chante fè lwanj Seyè a, yo t'ap
jwe enstriman mizik yo byen fò pou Seyè a. **22** Ezekyas
t'ap ankouraje tout moun Levi yo pou jan yo t'ap mennen
sèvis Seyè a byen. Pandan sèt jou, tout pèp la t'ap manje
manje fèt Delivrans lan, yo fè ofrann pou mande padon,
yo t'ap di Seyè a, Bondye zansèt yo a, mèsi. **23** Apre sa,
tout pèp la tonbe dakò pou yo pase sèt lòt jou ankò ap fè
fèt. Se konsa, yo fete pou sèt lòt jou ankò ak kè kontan.
24 Ezekyas, wa peyi Jida a, te bay mil (1.000) towo bèf
ak sètmil (7.000) mouton pou yo bay pèp la manje. Lòt
otorite yo menm bò pa yo te bay mil towo bèf ak dimil
mouton. Anpil prèt te mete tèt yo nan kondisyon pou sèvis
Seyè a. **25** Tout moun te kontan, depi moun peyi Jida yo,
prèt yo, moun Levi yo jouk moun ki te soti nan peyi Izrayèl
yo ansanm ak moun lòt nasyon ki te tabli ni nan peyi
Jida a ni nan peyi Izrayèl la. **26** Se te gwo fèt nan lavil
Jerizalèm, paske depi sou rèy Salomon, pitit David, wa
pèp Izrayèl la, pa t' janm gen bagay konsa lavil Jerizalèm.
27 Apre sa, prèt yo ak moun Levi yo kanpe, yo mande
benediksyon Bondye pou tout pèp la. Lapriyè yo moute
rive jouk nan syèl la, kay Bondye a menm, kote Bondye ki
apa nèt la rete a. Bondye tande lapriyè yo.

31 Lè fèt la fini, tout moun pèp Izrayèl ki te la yo ale
nan tout lavil pèyi Jida yo. Yo kraze moniman wòch
yo, yo jete estati zidòl Achera yo, yo demoli dènye tanp
ak lotèl kote yo fè sèvis pou zidòl yo. Yo mache fè sa
nan tout peyi Jida a, nan peyi moun Benjamen, moun
Efrayim ak moun Manase yo. Lèfini, tout moun pèp Izrayèl
yo tounen lakay yo nan peyi pa yo. **2** Apre sa, Ezekyas
separe prèt yo ak moun Levi yo an gwoup ankò. Li bay
chak gwoup lè pou yo pran sèvis yonn apre lòt. Nan chak
gwoup, chak moun te gen travay pa yo pou fè lè y'ap
boule bèt nèt pou Seyè a, lè y'ap fè ofrann pou mande
Bondye padon, lè y'ap di Bondye mèsi, lè y'ap fè lwanj
li, lè y'ap sèvi l' nan papòt Tanp Seyè a. **3** Apre sa, li
pran nan bèt ki pou li yo li bay pou yo boule nèt pou
Seyè a chak maten, chak aswè, pou ofrann jou repo yo,
pou fèt lalin nouvèl ak pou lòt gwo jou fèt yo, jan sa ekri
nan Lalwa Seyè a. **4** Lèfini, li mande moun ki rete lavil

Jerizalèm yo pou yo fè ofrann pou prèt ak moun Levi yo,
pou mesye sa yo ka bay tout tan yo nan fè travay yo, jan
Lalwa Seyè a mande l' la. 5 Lè nouvèl la gaye, moun pèp
Izrayèl yo pote premye sa yo rekolte nan ble, nan diven,
nan lwil oliv, nan siwo myèl ak nan tout lòt danre jaden yo
an kantite. Lèfini, yo pote yon dizyèm sou tou sa yo te
genyen. 6 Tout moun peyi Izrayèl ak moun peyi Jida ki
t'ap viv nan lòt lavil peyi Jida yo te bay yon bèt pou chak
dis bèf osinon kabrit ak mouton yo te genyen. Yo pote
yon dizyèm nan tout bagay yo te mete apa pou Bondye,
sèl Mèt yo a. Yo pote yo fè pil sou pil. 7 Yo konmanse
pote kado yo depi nan twazyèm mwa a rive sou setyèm
mwa a. 8 Lè wa Ezekyas ak chèf li yo wè kantite bagay
moun yo te bay, yo di Bondye mèsi, yo fè lwanj pou pèp
Izrayèl la, pèp Bondye a. 9 Lè sa a, Ezekyas pale ak
prèt yo ansanm ak moun Levi yo sou koze ofrann yo. 10
Azarya, granprèt la, moun fanmi Zadòk yo, di l' konsa: -
Depi lè pèp la konmanse ap pote ofrann nan Tanp lan,
gen kont manje pou moun manje. Lèfini, rete yon bon
kantite, paske Seyè a beni pèp li a. Sa ki rete la a, se sa
ki te anplis la. 11 Ezekyas bay lòd pou yo pare kèk pyès
nan Tanp lan pou sèvi depo. Lè depo yo fin pare, 12 li fè
mete tout sa yo te pran sou rekòt yo, tout ladim yo ak tout
bagay yo te mete apa pou Bondye yo ladan yo. Yo mete
Konanya, yon moun Levi, chèf reskonsab ak Chimèyi, frè
li, pou adjwen. 13 Yo chwazi dis moun pou travay sou lòd
Konanya ak Chimèyi, frè li a, dapre lòd wa a ak Azarya,
prèt reskonsab Tanp lan, te bay. Se te Jeiyèl, Azaryawou,
Nakat, Asayèl, Jerimòt, Jozaba, Eliyèl, Jismakya, Makat
ak Benaja. 14 Kore, pitit Jimna a, yon moun Levi ki te
chèf gad nan Pòtay sou solèy leve Tanp lan, te reskonsab
resevwa kado moun yo te ofri pou Seyè a paske yo te vle.
Se li tou ki pou te separe ofrann yo te fè pou Seyè a ak
pòsyon yo te mete apa nèt pou Seyè a. 15 Nan lòt lavil
kote prèt yo rete a, men moun ki te toujou la pou ede
Kore: Se te Edèn, Menjamin, Jechwa, Chemaja, Amarya
ak Chekanya. Se yo menm ki pou te separe manje a bay
moun Levi parèy yo, gran kou piti, dapre travay yo gen
pou fè. 16 Non sèlman yo te bay tout moun Levi ki te gen
non yo pote nan rejis fanmi yo, depi sa ki gen twazan
laj pou pi piti, pòsyon manje pa yo, men yo te bay chak
gwoup moun Levi ki te travay nan Tanp Seyè a chak jou,
dapre jou travay yo ak dapre travay yo gen pou fè. 17
Prèt yo te enskri dapre fanmi yo. Men moun Levi yo, depi
sa ki gen ventan pou pi piti, te enskri dapre travay pou yo
fè ak jou pou yo travay. 18 Yo tout te enskri ansanm ak
pitit gason yo, pitit fi yo, madanm yo ak tout moun ki sou
kont yo, pou yo te ka bay tout tan yo pou travay nan Tanp
Bondye a. 19 Yo te chwazi moun tou pou mete reskonsab
separe manje bay tout prèt yo, moun fanmi Arawon yo, ak
moun Levi ki te enskri nan rejis yo epi ki t'ap viv andeyò
nan vwazinaj lavil prèt yo. 20 Se konsa Ezekyas te fè nan
tout peyi Jida a. Li te fè sa ki byen, sa ki dwat ak tout
kè li devan Seyè a, Bondye li a. 21 Nan tou sa li te fè
pou sèvis Tanp Bondye a, pou lalwa ak pou kòmandman
Bondye yo, li te chache fè volonte Bondye ak tout kè li.
Se poutèt sa tout bagay te mache byen pou li.

32 Apre Ezekyas te fin fè tout bagay sa yo pou moutre
jan li t'ap sèvi Bondye ak tout kè li, Senakerib, wa
peyi Lasiri, anvayi peyi Jida. Li sènen tout lavil ak gwo
ranpa yo avèk lide pou l' pran yo. 2 Lè Ezekyas wè
Senakerib t'ap pwoche bò lavil Jerizalèm ak lide pou l'
atake l' tou, 3 li reyini tout otorite ak chèf lame l' yo, li di
yo li fè lide bouche tout sous dlo ki andeyò lavil la. Yo
tout dakò. 4 Yon foul moun reyini vre, yo bouche tout
sous dlo yo ansanm ak kannal anba tè ki te konn mennen
dlo a byen lwen nan peyi a. Yo t'ap di yo p'ap kite wa
peyi Lasiri yo jwenn anpil dlo lè y'a rive isit la. 5 Ezekyas
mete gason sou li. Li fè repare tout miray lavil la, li bati fò
won sou li ak yon lòt miray sou deyò. Li ranfòse ranpa ki
pwoteje teren ranbleye ki bay sou solèy leve lavil David
la. Li fè fè anpil frenn ak manch long ak anpil plak pwotèj.
6 Li mete chèf lame alatèt pèp la, li reyini yo sou plas
piblik ki bò pòtay lavil la. Li ankouraje yo, li di yo: 7 -Mete
gason sou nou! Kenbe fèm! Pa kite anyen fè nou pè, ni
devan wa peyi Lasiri a, ni devan gwo lame k'ap mache
avè l' la, paske nou gen plis fòs avèk nou pase li menm li
gen avè l'. 8 Li menm, li konte sou fòs sòlda li yo. Nou
menm, nou gen Seyè a, Bondye sèl Mèt la, pou ede nou,
pou goumen pou nou. Lè pèp la tande pawòl sa yo soti
nan bouch Ezekyas, wa peyi Jida a, yo tout pran kouraj.
9 Kèk tan apre sa, Senakerib, wa peyi Lasiri a, te rive
devan lavil lakis ansanm ak tout lame li a pou l' atake l'. Li
voye kèk chèf bò kote Ezekyas, wa peyi Jida a ak bò kote
tout pèp ki te lavil Jerizalèm lan avèk mesaj sa a: 10 -Men
sa Senakerib, wa peyi Lasiri a, voye di nou: Poukisa nou
gen tout konfyans sa a, kifè nou rete nan lavil Jerizalèm ki
sènen toupatou a? 11 Lè Ezekyas di nou Seyè a, Bondye
nou an, va delivre nou anba men wa peyi Lasiri a, se
twonpe l'ap twonpe nou. Li pral kite nou mouri grangou ak
swaf dlo. 12 Apa Ezekyas menm ki te disparèt dènye lotèl
ak dènye kote yo te konn fè sèvis pou Seyè a, lèfini ki te
di tout moun peyi Jida ak lavil Jerizalèm yo se devan yon
sèl lotèl pou yo fè sèvis, pou yo boule lansan? 13 Se
konnen nou pa konnen sa zansèt mwen yo ansanm avè
m' nou te fè pèp lòt nasyon yo? Eske bondye nasyon sa
yo te rive delivre yo anba men mwen? 14 Pa gen yonn
nan bondye lòt nasyon zansèt mwen yo te detwi yo ki
te rive delivre yo anba men mwen. Poukisa atò nou vle
kwè Bondye nou an ka delivre nou anba men m'? 15
Se poutèt sa, pa kite Ezekyas ban nou manti, pa kite li
pete nou! Nou pa bezwen kwè l'! Pa gen bondye ankenn
gouvènman, ni bondye ankenn nasyon ki te ka delivre
yon peyi anba men zansèt mwen yo, ni anba men pa m'!
Ale wè pou Bondye nou an ta ka delivre nou anba men
mwen! 16 Chèf lame Lasiri yo te pale pi mal toujou sou
Bondye pèp Izrayèl la, Seyè a, ak sou Ezekyas, sèvitè l'
la. 17 Senakerib te ekri yon lèt kote li te joure Seyè a,
Bondye pèp Izrayèl la. Li te di ladan l': Bondye lòt nasyon
ki sou latè yo pa t' ka delivre pèp yo anba men m'. Se

pa Bondye Ezekyas la ki va delivre pèp la anba men
m'! 18 Mesaje wa Lasiri yo t'ap pale byen fò nan lang
ebre pou tout moun ki te sou miray lavil Jerizalèm yo te
ka tande. Yo t'ap fè yo pè, yo t'ap fè yo pèdi kouraj pou
yo te ka pran lavil la fasil. 19 Yo t'ap pale sou Bondye
lavil Jerizalèm lan tankou yo te konn pale sou bondye lòt
nasyon yo ki yon bann estati moun fè ak men. 20 Lè sa a,
wa Ezekyas ak pwofèt Ezayi, pitit Amòz la, pran lapriyè,
yo t'ap mande Bondye sekou. 21 Seyè a voye yon zanj
nan kan moun peyi Lasiri yo, li touye tout vanyan sòlda yo
ansanm ak kaptenn ak chèf lame yo. Se konsa wa peyi
Lasiri a tounen tou wont nan peyi l'. Yon jou li te antre nan
tanp bondye li a, pwòp pitit li yo touye l' ak kout nepe. 22
Se konsa Seyè a te delivre Ezekyas ak tout moun lavil
Jerizalèm yo anba men Senakerib, wa peyi Lasiri a, ak
anba lòt lènmi yo. Li fè yo viv san bri san kont ak tout peyi
nan vwazinaj yo. 23 Anpil moun vini lavil Jerizalèm pote
ofrann pou Seyè a ak kado pou Ezekyas, wa peyi Jida a.
Depi lè sa a tout lòt nasyon nan vwazinaj yo respekte
Ezekyas. 24 Yon lè rive, Ezekyas tonbe malad, li te prèt
pou mouri. Li lapriyè Seyè a. Seyè a reponn li, li fè l' wè
yon mirak. 25 Men, Ezekyas kite lògèy vire tèt li, li refize
di mèsi pou sa Seyè a te fè pou li. Se konsa, Seyè a
move ni sou li, ni sou peyi Jida, ni sou lavil Jerizalèm. 26
Tansèlman, Ezekyas ansanm ak moun lavil Jerizalèm yo
rekonèt fòt yo apre sa. Depi lè sa a, Seyè a pa move sou
yo ankò jouk jou Ezekyas mouri. 27 Ezekyas te gen anpil
richès, tout moun te respekte l'. Li fè bati depo pou mete
tout bagay an ajan, an lò li te genyen, bèl pyè koute chè,
epis santi bon, plak pwotèj ak tout lòt bagay koute chè l'
yo. 28 Li fè bati tou depo pou mete grenn manje, diven ak
lwil oliv, kay pou tout bèt li yo ak pak pou mouton l' yo. 29
Li fè bati kèk vil, li achte kantite mouton, kabrit ak bèf,
paske Bondye te ba li anpil richès. 30 Se wa Ezekyas ki
te bouche kote dlo sous Giyon an te konn soti sou anwo a
pou fè l' pase sou anba bò solèy kouche lavil David la.
Tou sa li te vle fè te mache byen. 31 Se konsa, lè wa
Babilòn yo te voye delege bò kote l' pou wè kalite mirak ki
te fèt nan peyi a, Bondye te kite l' pou kont li pou sonde l',
pou l' te ka konnen sa ki te nan kè li. 32 Tout lòt bagay
wa Ezekyas te fè yo, jan li te sevi Bondye nan tou sa li
t'ap fè, tou sa ekri nan liv Vizyon pwofèt Ezayi, pitit Amòz
la, ak nan liv Istwa wa peyi Jida ak wa peyi Izrayèl yo.
33 Lè Ezekyas mouri, yo antere l' nan yon chanm anwo
nan kavo fanmi David yo. Lè l' mouri, tout moun peyi Jida
yo ak moun lavil Jerizalèm yo fè bèl lantèman pou li. Se
Manase, pitit li, ki moute wa nan plas li.

33 Manase te gen douzan lè li moute wa peyi
Jida. Li gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan
senkannsenkan. 2 Li fè sa ki mal devan Seyè a, dapre
vye prensip krimenèl lòt nasyon Seyè a te mete deyò pou
fè plas pou moun pèp Izrayèl yo. 3 Li rebati tanp bondye
lòt nasyon Ezekyas, papa l', te fè kraze yo. Li bati lotèl
pou Baal, li fè yon estati Achera. Lèfini, li adore dènye
zetwal ki nan syèl la, li fè sèvis pou yo. 4 Li menm rive
bati lotèl pou zidòl nan Tanp Seyè a menm, kote Seyè a
te di se la l'ap rete nan lavil Jerizalèm pou toutan. 5 Li fè
bati lotèl nan de lakou tanp Seyè a pou tout zetwal ki nan
syèl la. 6 Li ofri pitit gason l' pou yo boule sou lotèl zidòl
yo nan Fon Inon an. Li lage kò l' nan li nwaj nan syèl la ak
nan fè maji pou konnen sa ki gen pou rive. Li ankouraje
divinò yo ak moun ki konn rele mò pou pale ak yo. Li
donnen nan fè sa ki mal devan Seyè a pou l' te fè Seyè a
move jouk li pa kapab ankò. 7 Li fè fè yon estati zidòl
mete nan Tanp Seyè a, atout Seyè a te pale ak David
ansanm ak Salomon, pitit li. Li te pale ak yo sou Tanp lan,
li te di yo se isit lavil Jerizalèm, nan Tanp kote mwen te
chwazi nan tout peyi douz branch fanmi pèp Izrayèl la,
pou yo fè sèvis pou mwen. 8 Depi moun pèp Izrayèl yo
viv jan mwen mande yo viv la, si yo fè tou sa ki nan lalwa
Moyiz, sèvitè m' lan, te ba yo a, mwen p'ap mete yo deyò
nan peyi mwen te vle bay zansèt yo a. 9 Men, Manase te
lakòz pèp Jida a ak moun lavil Jerizalèm yo pèdi tèt yo,
yo fè pi mal pase nasyon Seyè a te mete deyò nan peyi a
pou fè plas pou yo. 10 Seyè a te pale ak Manase ansanm
ak pèp li a, men yo derefize koute l'. 11 Lè sa a, Seyè a
voye chèf lame wa peyi Lasiri a vin atake yo. Yo mete
men sou Manase, yo pase kwòk nan machwè li, yo mare
l' ak de gwo chenn fèt an kwiv, yo mennen l' lavil Babilòn.
12 Manase te nan gwo lafliksyon, li rele Seyè a, Bondye li
a, li rekonèt tout fòt li yo devan Seyè a, Bondye zansèt li
yo. 13 Li lapriyè Bondye, Bondye tande lapriyè l' la, li ba li
sa l' te mande a. Li fè l' tounen lavil Jerizalèm pou li al
pran plas li ankò. Se konsa Manase vin konprann se Seyè
a ki Bondye vre. 14 Apre sa Manase bati yon miray byen
wo sou deyò lavil David la, sou bò solèy kouche, bò sous
Giyon an. Miray la pran depi nan ravin lan, li pase bò
Pòtay Pwason yo, li fè wonn Ofèl la. Manase mete yon
kòmandan nan tout lavil peyi Jida yo ki gen gwo ranpa.
15 Li wete tout estati zidòl lòt nasyon yo ak gwo estati ki
te nan Tanp lan. Li kraze tout lotèl yo te bati sou mòn
kote Tanp Seyè a te ye a ak nan lavil Jerizalèm. Li pran
tout bagay sa yo, li voye yo jete an deyò lavil la. 16 Li fè
repare lotèl Seyè a, li fè ofrann pou mande Bondye padon
ak pou di l' mèsi. Li mande pou tout moun nan peyi Jida a
sèvi Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la. 17 Pèp la te toujou
ap ofri bèt pou yo touye lòt kote, men se te toujou pou
Seyè a, Bondye yo a, ase. 18 Tout rès istwa Manase a,
lapriyè li te fè nan pye Bondye li a, mesaj pwofèt yo te
ba li nan non Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, tou sa ekri
nan Liv Istwa wa pèp Izrayèl yo. 19 Lapriyè wa a te fè a,
repons Bondye te ba li, tout peche l' yo, jan li te vire do
bay Bondye, tout kote li te bati pou zidòl yo, estati Achera
ak estati lòt zidòl li te fè fè pou l' te ka sèvi anvan li te
rekonèt peche li yo, nou jwenn tou sa ekri nan Liv Istwa
pwofèt Ozayi a. 20 Lè Manase mouri, yo antere l' nan
jaden palè a. Se Amon, pitit gason l' lan, ki moute wa nan
plas li. 21 Amon te gen venndezan lè li moute wa peyi
Jida a. Li gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan dezan. 22
Tankou Manase, papa l', li fè sa ki mal devan Seyè a. Li

ofri bèt pou yo touye, li fè sèvis pou tout zidòl papa l' te fè
fè yo. 23 Men, li pa t' rekonèt peche l' yo devan Seyè a,
tankou Manase, papa l', te fè l' la. Li menm rive fè pi mal
pase papa l' toujou. 24 Chèf ki t'ap sèvi avèk Amon yo fè
konplo, yo touye l' anndan palè a. 25 Moun peyi Jida yo
touye mesye ki te fè konplo pou touye Amon yo. Yo mete
Jozyas, pitit gason Amon an, wa nan plas li.

34 Jozyas te gen witan lè li moute wa peyi Jida. Li
gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan tranteyennan.
2 Jozyas te fè sa ki dwat devan Seyè a. Li mache pye pou
pye dèyè David, zansèt li a. Li fè tankou l' nan tou sa
l'ap fè, san li pa janm fè sa ki mal. 3 Jozyas t'ap mache
sou witan depi li te wa lè li konmanse chache konnen
volonte Bondye David, zansèt li a. Lè sa a li te yon jenn
gason toujou. Li t'ap mache sou douzan depi li te wa lè li
konmanse fè detwi tout tanp zidòl, tout pòtre Achera, tout
lòt estati an bwa ak an bwonz nan peyi Jida ak nan lavil
Jerizalèm. 4 Li fè yo demoli devan je li tout lotèl kote yo te
fè sèvis pou Baal yo. Li fè yo kraze tout recho kote yo te
boule lansan sou lotèl yo. Li fè yo kraze an miyèt moso
pòtre Achera ak pòtre tout lòt zidòl ak estati an bwonz yo.
Apre sa, yo fè yo tounen poud, yo simen poud la sou
tonm moun ki te konn fè sèvis pou yo. 5 Li boule zosman
prèt zidòl yo sou lotèl kote yo te konn fè sèvis pou yo a.
Se konsa li mete tout peyi Jida a ak lavil Jerizalèm nan
kondisyon pou fè sèvis Bondye. 6 Li fè menm bagay la
tou nan lavil ki nan zòn moun Manase, moun Efrayim, ak
moun Simeyon yo rive nan zòn moun Neftali yo ak nan
tout ti bouk ki te nan vwazinaj yo. 7 Nan tout peyi Izrayèl
la, li fè demoli lotèl yo. Li kraze tout estati Achera yo ak lòt
zidòl yo fè yo tounen poud. Yo kraze tout lotèl lansan yo
an miyèt moso, lèfini li tounen lavil Jerizalèm. 8 Lè sa a,
wa Jozyas t'ap mache sou dizwitan depi li t'ap gouvènen,
li t'ap mete peyi a ansanm ak Tanp lan nan kondisyon pou
fè sèvis pou Bondye. Wa a rele twa moun: Chafan, pitit
gason Asalya a, Maseya, gouvènè lavil la, ak Joa, pitit
gason Joakaz, sekretè wa a. Li ba yo lòd al repare Tanp
Seyè a, Bondye li a. 9 Mesye yo al jwenn Ilkija, granprèt
la. Yo pote ba li tout lajan yo te ranmase nan Tanp lan,
lajan moun Levi ki desèvis nan papòt Tanp lan te ranmase
nan men moun Efrayim, moun Manase ak lòt moun peyi
Izrayèl yo, ansanm ak sa yo te ranmase nan men moun
Jida, moun Benjamen ak moun lavil Jerizalèm yo. 10 Yo
renmèt lajan an nan men mesye ki te reskonsab travay ki
pou fèt nan Tanp lan, pou yo menm yo ka peye moun
k'ap travay repare Tanp lan, ki vle di, 11 bòs chapant yo
ak bòs mason yo, pou yo ka achte wòch taye ak bwa
yo bezwen pou sèvi sipò ak ranfò chapant tanp wa Jida
yo te kite ap tonbe a. 12 Mesye yo te serye nan travay
yo. Te gen kat moun Levi ki t'ap dirije yo. Se te: Joak ak
Obadya, moun nan branch fanmi Merari a, Zekaraja ak
Mechoulam, moun nan branch fanmi Keyat. Moun Levi ki
te konn fè mizik sou enstriman yo 13 te reskonsab moun
ki t'ap bwote materyo yo ak tout lòt ouvriye ki t'ap fè lòt
travay yo. Te gen lòt moun Levi ki te reskonsab ekri istwa
tou sa k'ap pase. Genyen ki te sekretè, genyen ki t'ap
fè pòs nan papòt yo. 14 Pandan yo t'ap wete lajan yo
te mete nan Tanp Seyè a, Ilkija, prèt la, jwenn liv Lalwa
Seyè a te bay Moyiz pou pèp la. 15 Ilkija pale ak Chafan,
sekretè a, li di l' li jwenn liv Lalwa a nan Tanp Seyè a. Epi
li ba li l'. 16 Chafan pote liv la bay wa a, epi li fè rapò
li, li di l' konsa: -Nou fè tou sa ou te ban nou lòd fè. 17
Yo pran tout lajan ki te nan Tanp Seyè a, yo renmèt li
nan men moun ki reskonsab fè reparasyon nan Tanp lan
ak moun k'ap fè travay yo. 18 Lèfini, Chafan di wa a: -
Ilkija, prèt la, te ban m' yon liv. Chafan li liv la pou wa
a. 19 Lè wa a tande pawòl ki te ekri nan Liv la, li chire
rad sou li tèlman li te sezi. 20 Lèfini, li fè rele Ilkija, prèt
la, Akikam, pitit gason Chafan an, Abdon, pitit Mikaja a,
Chafan, sekretè a, ak Asaja, nèg konfyans wa a. Li ba yo
lòd sa a: 21 -Ale chache konnen sa Seyè a vle nou fè,
mwen menm ansanm ak tout rès pèp li a ki rete nan peyi
Jida ak nan peyi Izrayèl la. Chache konnen sa pou n' fè
ak pawòl ki nan liv nou jwenn lan. Seyè a move anpil sou
nou, paske zansèt nou yo pa t' koute pawòl Seyè a, ni yo
pa t' fè tou sa ki ekri nan liv la. 22 Se konsa, Ilkija ansanm
ak lòt mesye wa a te chwazi yo al kay Oulda, yon pwofèt
fanm ki te rete nan katye yo te fèk bati lavil Jerizalèm lan.
Oulda sa a te madanm yon nonm yo te rele Chaloum, pitit
Tokeyat, pitit pitit Asra a, ki te reskonsab rad yo sèvi nan
Tanp lan. Yo esplike Oulda tou sa ki rive. 23 Oulda di yo
konsa: -Men sa Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, di: Tounen
al di moun ki voye nou bò kote m' lan 24 men mesaj Seyè
a voye ba li: Mwen pral voye yon malè sou lavil Jerizalèm
ansanm ak sou tout moun li yo, jan sa ekri nan liv yo li
pou wa peyi Jida a. 25 Moun lavil Jerizalèm yo vire do
ban mwen. Yo fè sèvis pou lòt bondye. Avèk tout zak sa
yo, mwen move anpil sou lavil Jerizalèm. Kòlè m' poko ap
pase. 26 Men sa n'a di wa peyi Jida a ki voye nou vin
konnen volonte Bondye a. Wi, men sa Seyè a, Bondye
pèp Izrayèl la, voye di l': Ou tande sa ki ekri nan liv la. 27
Sa fè kè ou fè ou mal, ou desann ou devan mwen lè ou
tande deklarasyon mwen fè sou lavil sa a ak sou tout
moun li yo. Wi, lè ou tande sa, ou chire rad sou ou, dlo
koule nan je ou. Se poutèt sa mwen menm tou mwen
tande ou. Se mwen menm, Seyè a, k'ap di ou sa. 28 Ou
menm, w'ap mouri nan kabann ou, y'ap antere ou nan
menm kavo ak zansèt ou yo. Ou p'ap gen tan wè malè
m'ap voye sou lavil Jerizalèm ak sou moun ki rete ladan l'
yo. Mesye yo tounen rapòte mesaj la bay wa Jozyas. 29
Lè sa a, wa a voye misyon bay tout chèf fanmi nan lavil
Jerizalèm ak nan tout peyi Jida a, pou yo reyini ansanm
avè l'. 30 Apre sa, wa a moute nan Tanp Seyè a ansanm
ak prèt yo, moun Levi yo, tout moun peyi Jida yo, moun ki
rete lavil Jerizalèm yo ak tout rès pèp la, grannèg kou
tinèg. Wa a kanpe devan yo tout, li li byen fò tou sa ki nan
liv Kontra yo te jwenn nan Tanp Seyè a. 31 Lè li fini, li
rete kanpe nan plas rezève pou li bò gwo poto a, li pran
angajman devan Seyè a pou li fè volonte Seyè a, pou

li mache dapre kòmandman, prensip ak lalwa Bondye
yo ak tout kè li ak tout nanm li, lèfini pou l' kenbe tout
kondisyon kontra ki ekri nan liv la. 32 Apre sa, wa a fè
tout moun ki te lavil Jerizalèm ansanm ak moun branch
fanmi Benjamen yo pran menm angajman an tou. Depi
lè sa a, moun lavil Jerizalèm yo mache dapre kontra yo
te pase ak Bondye zansèt yo a. 33 Jozyas fè disparèt
tout vye zidòl sal nan peyi ki te pou moun pèp Izrayèl
yo. Li mete tout moun ki te rete nan peyi Izrayèl la nan
obligasyon pou yo sèvi Seyè a, Bondye yo a. Se konsa
pandan tout tan Jozyas te vivan an, tout pèp la te kenbe
pye Seyè a, Bondye zansèt yo a, fèm.

35 Wa Jozyas fete fèt Delivrans lan pou Seyè a. Nan
katòzyèm jou premye mwa a, yo touye ti mouton
pou fèt la. 2 Li bay chak prèt travay pou yo fè nan Tanp
lan ankò, li ankouraje yo pou yo fè l' byen. 3 Lèfini, li pale
ak moun Levi yo ki te reskonsab moutre pèp Izrayèl la
sa pou l' fè epi ki t'ap viv apa nèt pou Seyè a. Li di yo
konsa: -Mete Bwat Kontra Bondye a nan Tanp Salomon,
pitit David, wa pèp Izrayèl la, te bati a. Nou pa bezwen
ap pote l' sou zepòl nou ankò. Koulye a se sèvi nou
pral sèvi Seyè a, Bondye nou ak Bondye pèp Izrayèl ki
pou li a. 4 Pran plas nou nan Tanp lan, chak fanmi apa,
dapre reskonsablite nou jan David, wa pèp Izrayèl la, ak
Salomon, pitit li, te ekri l' la. 5 N'a rete kote yo mete apa
nèt pou Seyè a. N'a ranje nou yon jan pou gen yon gwoup
moun Levi pou ede chak branch fanmi pèp Izrayèl la. 6
Se nou ki pou touye ti mouton yo ak kabrit yo pou fèt
Delivrans lan. Ale mete nou nan kondisyon pou fè sèvis
Seyè a. Pare tou sa nou bezwen pou touye bèt yo pou
moun pèp Izrayèl yo, frè nou yo, ka fè seremoni an jan
Seyè a te bay Moyiz lòd la pou nou. 7 Apre sa, Jozyas
pran trantmil (30.000) ti mouton ak ti kabrit ansanm ak
twamil (3.000) bèf nan bèt pa l', li bay moun pèp Izrayèl ki
te la yo pou fè fèt Delivrans lan. 8 Chèf li yo te bay pa
yo tou pou pèp la, pou prèt yo ak moun Levi yo. Ilkija,
Zakari ak Jeiyèl, ki te reskonsab Tanp Seyè a, bay demil
sisan (2.600) ti mouton ak ti kabrit ansanm ak twasan
(300) bèf pou yo touye pou fèt la. 9 Konanya ak de frè
li yo, Chemaja ak Netanèl, ansanm ak Achabya, Jeiyèl
ak Jozaba, chèf moun Levi yo, bò pa yo te bay senkmil
(5.000) ti mouton ak ti kabrit ak senksan (500) bèf pou
moun Levi yo te ofri pou fèt Delivrans lan. 10 Lè tout
bagay te pare pou fèt la, prèt yo pran plas yo, moun Levi
yo fè gwoup apa jan wa a te ba yo lòd la. 11 Lè yo fin
touye ti mouton yo, moun Levi yo bay prèt yo san an pou
yo vide sou lotèl la. Moun Levi yo menm kòche tout bèt
yo. 12 Apre sa, yo wete pati ki pou boule nèt pou Seyè a,
yo bay chak fanmi pòsyon pa yo pou yo al ofri bay Seyè
a, jan sa ekri nan Liv Moyiz la. Yo fè menm bagay la pou
bèf yo. 13 Lèfini, moun Levi yo griye ti mouton Delivrans
lan sou dife, jan yo te konn fè l' la. Yo bouyi lòt vyann yo
te mete apa pou Bondye yo nan chodyè, nan mamit ak
nan kaswòl. Lèfini, yo prese separe vyann lan bay tout
pèp la. 14 Lè yo fin fè sa, moun Levi yo pare sa ki rete
pou yo menm ansanm ak prèt yo, paske prèt yo, moun
fanmi Arawon yo, te rete byen ta jouk aswè ap boule bèt
moun yo te ofri nèt pou Seyè a ansanm ak grès lòt bèt yo.
Se poutèt sa, se moun Levi yo ki te pare vyann ni pou tèt
yo ni pou prèt yo, moun fanmi Arawon yo. 15 Sanba yo
menm, moun fanmi Asaf yo, te nan plas yo dapre lòd
David, Asaf, Eyman ak Jedoutoun, pwofèt wa a, te bay.
Gad pòtay Tanp yo te nan plas yo tou. Yo yonn pa kite pòs
yo, paske moun Levi parèy yo t'ap pare pòsyon vyann
pa yo pou yo tou. 16 Se konsa jou sa a yo te òganize
tout sèvis Seyè a pou fete fèt Delivrans lan, pou boule
vyann bèt yo nèt sou lotèl la pou Bondye, jan wa Jozyas
te bay lòd la. 17 Pandan sèt jou, tout moun pèp Izrayèl ki
te la yo t'ap fete fèt Delivrans lan ak fèt Pen san ledven
yo. 18 Depi sou tan pwofèt Samyèl, yo pa t' janm fete fèt
Delivrans lan konsa. Pa gen yonn nan ansyen wa pèp
Izrayèl yo ki te fete fèt Delivrans lan tankou Jozyas te fè l'
lè sa a ansanm ak prèt yo, moun Levi yo ak tout pèp peyi
Jida a, moun peyi Izrayèl ki te la yo ansanm ak moun lavil
Jerizalèm yo. 19 Jozyas te gen dizwitan depi li te wa lè yo
te fete fèt Delivrans sa a. 20 Apre sa, lè wa Jozyas te fin
fè tout reparasyon ki pou te fèt nan Tanp lan, Neko, wa
peyi Lejip la, moute nan direksyon larivyè Lefrat pou l' al
goumen bò lavil Kakemich. Jozyas soti al kontre l' pou
anpeche l' pase. 21 Men Neko voye misyon sa a bay
Jozyas: -Ou wè ou menm, wa peyi Jida, pa antre nan lagè
sa a tande! M' pa vin pou m' goumen avè ou, men se avèk
yon lòt nasyon mwen gen kont. Bondye di m' pa mize.
Tanpri, pou pwòp byen ou, pa kenbe tèt ak Bondye ki avè
m'. Konsa li p'ap detwi ou. 22 Men, Jozyas te soti pou
goumen avè l'. Li derefize koute mesaj Neko te voye ba li
a, mesaj ki te soti nan bouch Bondye menm. Se konsa, li
degize kò l', li al goumen avè l' nan plenn Megido a. 23
Pandan batay la, sòlda ak banza yo tire sou wa Jozyas.
Jozyas di moun ki te avè l' yo: -M' blese anpil. Mennen m'
ale. 24 Moun li yo wete l' nan cha lagè li a, yo mete l' nan
yon lòt cha li te gen la, epi yo mennen l' lavil Jerizalèm. Se
la li mouri. Yo antere l' nan kavo zansèt li yo. Tout moun
peyi Jida ak moun lavil Jerizalèm te pran gwo lapenn pou
Jozyas. 25 Pwofèt Jeremi te fè yon chante pou plenn sò
wa Jozyas. Depi lè sa a, se yon koutim nan peyi Izrayèl:
chak fwa fi yo ak gason yo ap chante nan yon lanmò, yo
chonje Jozyas. Yo mete tout chante lanmò sa yo ansanm
nan yon liv. 26 Tou sa Jozyas te fè, jan li sèvi Seyè a ak
tout kè li, jan li te mache dapre sa ki ekri nan Lalwa Seyè
a, 27 wi, tout istwa Jozyas la nèt, depi premye jou li te
moute wa rive jouk dènye jou a, n'a jwenn tou sa ekri nan
Liv Istwa Wa peyi Jida ak wa peyi Izrayèl yo.

36 Moun peyi Jida yo chwazi Joakaz, pitit gason Joas
la, yo mete l' wa nan plas papa l'. 2 Joakaz te gen
venntwazan lè li moute wa nan peyi Jida. Li gouvènen
lavil Jerizalèm pandan twa mwa. 3 Neko, wa peyi Lejip la,
mete l' atè, li fòse peyi Jida a ba li sètmil senksan (7500)
liv ajan ak swasannkenz liv lò. 4 Apre sa, Neko pran
Elyakim, frè Joakaz, li mete l' wa nan plas li. Lè sa a, li

chanje non Elyakim, li rele l' Jojakim. Lèfini, li pran Joakaz,
li mennen l' nan peyi Lejip. 5 Jojakim te gen vennsenkan
lè li moute wa peyi Jida. Li gouvènen nan lavil Jerizalèm
pandan onzan. Li te fè sa ki mal devan Seyè a, Bondye li
a. 6 Nebikadneza, wa Babilòn, anvayi peyi Jida, li fè wa
Jojakim prizonye, li mete l' anba chenn doub, li mennen l'
lavil Babilòn. 7 Nebikadneza pran tout bèl bagay ki te nan
Tanp Seyè a, li pote yo lavil Babilòn, li mete yo nan tanp
bondye pa l'. 8 Tout rès istwa Jojakim lan, jan li te sèvi
vye zidòl yo ak tout mechanste li te fè yo, nou jwenn tou
sa ekri nan liv Istwa wa peyi Jida ak wa peyi Izrayèl yo.
Se Jojakin, pitit li, ki moute wa nan plas li. 9 Jojakin te
gen dizwitan lè li moute wa peyi Jida. Li gouvènen nan
lavil Jerizalèm pandan twa mwa dis jou. Li menm tou,
li te fè sa ki mal devan Seyè a. 10 Nan sezon prentan
ki vin apre sa, wa Nebikadneza fè Jojakin prizonye, li
mennen l' lavil Babilòn. Li pran tout richès ki te nan Tanp
Seyè a pote ale. Apre sa, Nebikadneza pran Sedesyas,
frè papa Jojakin, li mete l' wa lavil Jerizalèm nan peyi
Jida. 11 Sedesyas te gen venteyennan lè li vin wa peyi
Jida. Li pase onzan lavil Jerizalèm ap gouvènen peyi a.
12 Li fè sa ki mal devan Seyè a, li pa t' soumèt devan
pwofèt Jeremi ki t'ap pale pawòl Bondye nan zòrèy li. 13
Sedesyas leve kont wa Nebikadneza ki te fè l' sèmante
devan Bondye li t'ap toujou soumèt devan li. Li fè tèt di,
li derefize chanje lavi li t'ap mennen an pase pou l' ta
tounen vin jwenn Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la. 14 Ata
lòt chèf peyi Jida yo, prèt yo ansanm ak tout pèp la te lage
kò yo nan sèvi yon bann vye zidòl, tankou tout lòt nasyon
yo te konn fè. Yo derespekte Tanp Seyè a te mete apa
pou li menm lavil Jerizalèm. 15 Seyè a, Bondye zansèt yo
a, pa t' manke voye pwofèt pou avèti pèp li a, paske li pa
t' vle anyen rive ni pèp li a ni Tanp li a. 16 Men, yo pase
mesaje Bondye yo nan betiz, yo pa okipe sa Bondye te di
yo, yo pase pwofèt yo anba rizib. Bout pou bout, Seyè a
te vin sitèlman fache pa t' gen rechap pou yo ankò. 17 Se
konsa Seyè a fè wa Babilòn lan moute vin atake yo. Wa a
touye tout jenn gason peyi Jida a nan Tanp lan menm. Li
pa t' gen pitye pou pesonn, granmoun kou timoun, fanm
kou gason, malad ou pa malad. Bondye lage yo tout nan
men wa a. 18 Wa a menm pran dènye sa ki te nan Tanp
lan ak nan pyès trezò Tanp lan ansanm ak richès wa a ak
richès lòt gwo chèf yo, li pote yo lavil Babilòn. 19 Lèfini, li
mete dife nan Tanp lan. Li kraze miray lavil la. Li boule
tout gwo kay yo ak tout bèl bagay koute chè ki te ladan
yo. 20 Li pran tout moun ki pa t' mouri yo, li depòte yo
lavil Babilòn kote yo sèvi l', li menm ansanm ak pitit li
yo, tankou esklav, jouk gouvènman an pase nan men wa
peyi Pès la. 21 Se konsa, sa Seyè a te mete nan bouch
pwofèt Jeremi an rive vre: Pandan swasanndizan tè a pral
rete san yon moun ladan l', li pral pran repo pou tout jou
repo yo pa t' janm ba li a. 22 Lè sa a, wa Siris pa t' ankò
gen ennan depi li t'ap gouvènen peyi Pès la, lè Seyè a
mete lide nan tèt wa a pou li bay yon lòd, fè kouche l' sou
papye, voye l' toupatou nan peyi a pou yo te ka li l' pou
tout moun tande. Sa te pase konsa pou pawòl Seyè a te
mete nan bouch pwofèt Jeremi an te ka rive vre. Men lòd
la: 23 -Mwen menm Siris, wa peyi Pès la, men lòd mwen
bay: Seyè a, Bondye nan syèl la, te mete m' chèf sou tout
peyi ki sou latè. Li ban m' reskonsablite pou m' bati yon
Tanp pou li lavil Jerizalèm nan peyi Jida. Nou mande pou
Bondye pèp sa a beni tout moun ki fè pati pèp Izrayèl la,
pou yo moute lavil Jerizalèm.

Esdras

1 Lè sa a, wa Siris pa t' ankò gen ennan depi li t'ap
gouvènen peyi Pès la, lè Seyè a mete lide nan tèt wa
a pou li bay yon lòd, fè kouche l' sou papye voye toupatou
nan peyi a pou yo te ka li l' pou tout moun tande. Sa te
pase konsa pou pawòl Seyè a te mete nan bouch pwofèt
Jeremi an te ka rive vre. Men lòd la: **2** -Mwen menm
Siris, wa peyi Pès, men lòd mwen bay: Seyè a, Bondye
nan syèl la, te mete m' chèf sou tout peyi ki sou latè.
Li ban m' reskonsablite pou m' bati yon tanp pou li lavil
Jerizalèm, nan peyi Jida. **3** Nou mande pou Bondye pèp
Izrayèl la beni tout moun ki fè pati pèp sa a pou yo moute
lavil Jerizalèm, nan peyi Jida, pou yo rebati Tanp Seyè a,
Bondye pèp Izrayèl la, Bondye yo adore lavil Jerizalèm
lan. **4** Toupatou nan peyi a, moun k'ap viv menm kote ak
ti rès ki rete nan pèp Izrayèl la va ba yo konkou pou yo ka
tounen nan peyi pa yo. Y'a ba yo ajan ak lò, pwovizyon ak
bèt ansanm ak tout lòt bagay yo vle ba yo pou yo ofri
nan tanp Bondye a ki nan lavil Jerizalèm lan. **5** Lè sa a,
chèf branch fanmi Jida ak chèf branch fanmi Benjamen
yo, prèt yo, moun Levi yo ak tout lòt moun ki te fè lide
a gremesi Seyè a, yo leve pou y' al rebati kay Seyè a
nan lavil Jerizalèm. **6** Tout vwazen yo te ba yo tout kalite
konkou, bagay fèt an ajan ak an lò, pwovizyon, bèt ak
anpil lòt bagay ki gen anpil valè, san konte tout kalite
bagay yo te vle bay pou ofri nan tanp lan. **7** Nan tan
lontan, wa Nèbikadneza te pran tout bòl ak tout lòt bagay
ki t'ap sèvi nan tanp Seyè a lavil Jerizalèm, li te mete yo
nan tanp bondye pa l' la. Wa Siris fè chache tout bagay sa
yo. **8** Li fè Mitridat ki te reskonsab tout richès peyi a mete
yo deyò pou l' te kontwole yo bay Chechbaza, gouvènè
peyi Jida a. **9** Men sa yo te jwenn: trant gwo bòl an lò pou
mete ofrann mil (1.000) gwo bòl an ajan pou mete ofrann
ventnèf lòt gwo kouto **10** trant ti bòl an lò katsandis (410)
ti bòl an ajan mil (1.000) lòt kalite bagay. **11** Antou, sa te
fè senkmilkatsan (5.400) divès kalite bagay an lò ak an
ajan. Se tout bagay sa yo Chechbaza te pran ak li lè li
t'ap kite lavil Babilòn ansanm ak lòt moun yo te depòte yo,
pou tounen lavil Jerizalèm.

2 Men lis moun ki te kite peyi Babilòn pou yo tounen lavil
Jerizalèm ak nan peyi Jida, chak moun nan lavil kote
yo moun. Se moun sa yo wa Nèbikadneza te fè depòte nan
peyi Babilòn. **2** Men moun ki te alatèt yo: Se te Zowobabèl,
Jozye, Neemi, Seraja, Reelaja, Madoche, Bilchan, Mispa,
Bigwayi, Reyoum ak Baana. Men lis moun nan pèp Izrayèl
la, fanmi pa fanmi, ak kantite moun nan chak fanmi: **3**
Nan fanmi Pareòch yo, demilsanswasanndouz (2.172)
moun. **4** Nan fanmi Chefatya yo, twasanswasanndouz
(372) moun. **5** Nan fanmi Arak yo, sètsanswasannkenz
(775) moun. **6** Nan fanmi Pakat Moab yo, pitit pitit Jechwa
ak Joab, demilwitsandouz (2.812) moun. **7** Nan fanmi
Elam yo, mildesansenkannkat (1.254) moun. **8** Nan fanmi
Zatou yo, nèfsankarannsenk (945) moun. **9** Nan fanmi
Zakayi yo, sètsanswasant (760) moun. **10** Nan fanmi Bani
yo, sisankarannde (642) moun. **11** Nan fanmi Bebayi
yo, sisanvenntwa (623) moun. **12** Nan fanmi Azgad yo,
mildesanvennde (1.222) moun. **13** Nan fanmi Adonikan
yo, sisanswasannsis (666) moun. **14** Nan fanmi Bigwayi
yo, demilsenkannsis (2.056) moun. **15** Nan fanmi Aden
yo, katsansenkannkat (454) moun. **16** Nan fanmi Atè
yo, (anvan sa Atè te rele Ezekyas) katrevendizwit moun.
17 Nan fanmi Betzayi yo, twasanvenntwa (323) moun.
18 Nan fanmi Jora yo, sandouz (112) moun. **19** Nan
fanmi Achoum yo, desanvenntwa (223) moun. **20** Nan
fanmi Giba yo, katrevenkenz moun. **21** Men lis moun
ki te tounen dapre non lavil kote yo moun: Pou lavil
Betleyèm, sanvenntwa (123) moun. **22** Pou lavil Netofa,
senkannsis moun. **23** Pou lavil Anatòt, sanvenntwit (128)
moun. **24** Pou lavil Azmavèt, karannde moun. **25** Pou
lavil Kiriyat-Jearim ansanm ak pou lavil Kefera ak pou
lavil Beewòt, sètsankaranntwa (743) moun. **26** Pou lavil
Arama ak pou lavil Geba, sisanventeyen (621) moun. **27**
Pou lavil Mikmas, sanvennde (122) moun. **28** Pou lavil
Betèl ak pou lavil Ayi, desanvenntwa (223) moun. **29**
Pou lavil Nebo, senkannde moun. **30** Pou lavil Magbich,
sansenkannsis (156) moun. **31** Pou lòt lavil Elam lan,
mildesansenkannkat (1.254) moun. **32** Pou lavil Arim,
twasanven (320) moun. **33** Pou lavil Lòd ansanm ak pou
lavil Adid ak lavil Ono, sètsanvennsenk (725) moun. **34**
Pou lavil Jeriko, twasankarannsenk (345) moun. **35** Pou
lavil Senaa, twamilsisantrant (3.630) moun. **36** Men lis
prèt ki te tounen, dapre non fanmi yo: Nan pitit Jedaja, ki
soti nan branch Jozye a, nèfsanswasanntrèz (973) moun.
37 Nan pitit Imè yo, milsenkannde (1.052) moun. **38** Nan
pitit Pachou yo, mildesankarannsèt (1.247) moun. **39** Nan
pitit Arim yo, mildisèt (1.017) moun. **40** Men lis moun Levi
ki te tounen yo: Nan pitit Jechwa ak pitit Kadmyèl, ki soti
nan branch fanmi Odavya a, swasannkatòz moun. **41**
Te gen sanvenntwit (128) sanba ki konn chante ak fè
mizik nan tanp lan ki te tounen. Yo soti nan branch fanmi
Asaf. **42** Te gen santrantnèf (139) moun ki pou sèvi gad
nan pòtay Tanp lan. Yo soti nan branch fanmi Chaloum,
branch fanmi Atè, branch fanmi Talmon, branch fanmi
Akoub, branch fanmi Atita ak branch fanmi Chobayi. **43**
Men lis moun yo te bay pou travay nan tanp Bondye a epi
ki te tounen nan peyi a: moun fanmi Sika, moun fanmi
Asoufa ak moun fanmi Tabayòt, **44** moun fanmi Kewòs,
moun fanmi Siyaa ak moun fanmi Padon, **45** moun fanmi
Lebana, moun fanmi Agaba ak moun fanmi Akoub, **46**
moun fanmi Agad, moun fanmi Chamlayi ak moun fanmi
Anan, **47** moun fanmi Gidèl, moun fanmi Gaka ak moun
fanmi Reaja, **48** moun fanmi Rezen, moun fanmi Nekoda
ak moun fanmi Gazam, **49** moun fanmi Ouza, moun
fanmi Paseyak ak moun fanmi Besayi, **50** moun fanmi
Asna, moun fanmi Neounen ak moun fanmi Nefisim, **51**
moun fanmi Bakbouk, moun fanmi Akoufa ak moun fanmi
Awou, **52** moun fanmi Baslout, moun fanmi Mechisa ak
moun fanmi Acha, **53** moun fanmi Bakòs, moun fanmi

Sisera ak moun fanmi Tamak, **54** moun fanmi Nezyak
ak moun fanmi Atifa. **55** Men lis moun nan branch fanmi
domestik Salomon yo ki te tounen nan peyi a: moun fanmi
Sotayi, moun fanmi Asoferèt ak moun fanmi Pewouda, **56**
moun fanmi Yaala, moun fanmi Dakon ak moun fanmi
Gidèl, **57** moun fanmi Chefatya, moun fanmi Atil, moun
fanmi Pokerèt Azebayim ak moun fanmi Ami. **58** Konsa,
men kantite moun ki soti nan fanmi travayè tanp lan ak
domestik Salomon yo: antou sa te fè twasankatrevendouz
(392). **59** Men, te gen yon seri moun ki soti nan lavil
Tèl Melak, lavil Tèl Acha, lavil Kewoub Adan, lavil Imè
ki te moun nan peyi Babilòn epi ki te moute ansanm
ak tout moun sa yo, atout yo pa t' ka fè konnen non
zansèt yo ak non fanmi yo pou wè si yo te fè pati pèp
Izrayèl la vre. **60** Se te pitit Delaya, pitit Tobija ak pitit
Nekoda: antou sisansenkannde (652) moun. **61** Konsa
tou, pami prèt yo te gen moun fanmi Abaya, moun fanmi
Akòz ak moun fanmi Bazilayi. Zansèt Bazilayi sa yo te
marye ak yon fanm nan fanmi Bazilayi, moun Galarad. Se
konsa yo te pran non papa manman yo. **62** Sa ki pa t'
ka jwenn rejis pou moutre ki moun ki zansèt yo, yo pa t'
asepte yo pou prèt. **63** Gouvènè jwif la te di yo yo pa
t' kapab manje nan manje yo mete apa pou Bondye a
toutotan pa t' gen prèt ki konn sèvi ak Ourim yo ansanm
ak Tourim yo pou wè sa Bondye vle. **64** Antou nèt, te gen
karanndemil tousanswasant (42.360) moun ki tounen nan
peyi a. **65** Avèk yo te gen sètmil twasantrannsèt (7.337)
gason ak fanm ki te sèvi yo domestik. Te gen tou desan
(200) gason ak fanm ki te konn fè misik ak chante. **66** Te
gen sètsanswasannsis (766) chwal, desankarannsenk
(245) milèt, **67** katsantrannsenk chamo (435) ak simil
sètsanven (6.720) bourik. **68** Lè yo rive nan tanp Seyè a,
lavil Jerizalèm, gen kèk chèf fanmi ki fè ofrann pa yo pou
ede rebati tanp lan sou menm anplasman kote li te ye
a. **69** Yo bay tou sa yo te ka bay pou travay la: sèzmil
senksanven (16.520) ons lò, sandisètmil (117.000) ons
ajan ak san (100) gwo rad pou prèt yo mete sou yo. **70**
Prèt yo, moun Levi yo ak kèk moun nan pèp la al rete lavil
Jerizalèm ak nan vwazinaj lavil la. Mizisyen yo, gad yo ak
travayè tanp yo al rete nan lavil ki pa twò lwen kapital la.
Tout rès pèp Izrayèl la al rete nan lavil kote yo moun.

3 Lè pou setyèm mwa lanne jwif yo rive, moun pèp
Izrayèl yo te gen tan chita lakay yo nan lavil yo. Lè sa
a, yo tout yo sanble lavil Jerizalèm. **2** Jozye, pitit gason
Jeozadak la, ak tout prèt parèy li yo leve ansanm ak
Zowobabèl, pitit gason Chealtyèl la, ak tout fanmi l' yo,
yo rebati lotèl Bondye pèp Izrayèl la pou yo te ka boule
ofrann bèt sou li, dapre regleman ki ekri nan lalwa Moyiz,
sèvitè Bondye a. **3** Atout yo te pè lòt moun yo ki t'ap viv
nan peyi a, yo rebati lotèl la menm kote li te ye anvan an.
Epi yo tanmen boule bèt sou li pou Seyè a, chak maten
ak chak aswè. **4** Yo fete fèt Joupa yo, dapre sa ki ekri a.
Chak jou yo te ofri kantite bèt yo te dwe boule pou jou sa
a. **5** Apre sa, yo ofri bèt pou yo boule chak jou a, bèt pou
yo boule chak fèt lalin nouvèl yo, ak bèt pou tout lòt jou
y'ap fè fèt pou Seyè a, ansanm ak tout lòt ofrann moun yo
vle fè pou Seyè a san se pa li ki mande yo fè l'. **6** Pèp la
pa t' ankò mete men nan tanp lan, men depi premye jou
setyèm mwa a yo te konmanse ap boule bèt nèt pou Seyè
a. **7** Pèp la bay lajan pou peye bòs ki t'ap taye wòch yo ak
bòs chapant yo. Yo bay pwovizyon, bwason ak lwil pou yo
voye lavil Tir ak lavil Sidon pou bwa sèd y'ap achte nan
men moun la yo. Bwa yo te soti peyi Liban, yo pase sou
lanmè, yo debake Jope. Yo fè tou sa dapre otorizasyon
Siris, wa peyi Pès la, te ba yo. **8** Te gen ennan yon mwa
depi yo te rive lavil Jerizalèm sou anplasman tanp Seyè
a, lè Zowobabèl, pitit gason Chealtyèl la, ak Jozye, pitit
gason Jeozadak la, te mete men nan travay la ansanm
ak rès moun pèp la, prèt yo ak moun Levi yo, avèk tout
moun ki te tounen lavil Jerizalèm. Yo pran tout moun Levi
ki te gen ventan osinon plis, yo mete yo anchaj pou dirije
tout travay ki t'ap fèt nan tanp Seyè a. **9** Se konsa Jozye,
pitit gason l' yo ak lòt fanmi li yo, ansanm ak Kadmyèl ak
pitit gason l' yo, moun fanmi Jida, mete tèt yo ansanm, yo
pran reskonsablite travay ki t'ap fèt nan tanp Bondye a.
10 Lè bòs mason yo te konmanse ak premye fondasyon
tanp Seyè a, prèt yo avèk gwo rad yo sou yo, twonpèt
yo nan men yo, vin pran plas yo ansanm ak moun Levi
branch fanmi Asaf yo ak tanbouren yo nan men yo. Yo te
fè lwanj Seyè a dapre regleman David, wa peyi Izrayèl la,
te bay depi lontan. **11** Yo t'ap fè lwanj Seyè a, yo t'ap di l'
mèsi, yo t'ap chante yonn apre lòt: Ala bon Seyè a bon!
Li p'ap janm sispann renmen pèp Izrayèl la Tout pèp la
t'ap rele byen fò. Yo t'ap fè lwanj Seyè a, paske yo t'ap
mete men nan travay fondasyon tanp Seyè a. **12** Te gen
anpil prèt, anpil moun Levi ak anpil chèf fanmi ki te fin
vye granmoun. Yo te konnen ansyen tanp lan anvan li
te kraze. Lè yo wè fondasyon tanp lan t'ap moute ankò
devan je yo, genyen ki t'ap kriye ak dlo nan je. Men, anpil
lòt t'ap rele sitèlman yo te kontan. **13** Men, pesonn pa t'
ka di kilès ki t'ap rele ak kè kontan, kilès ki t'ap plede kriye
ak dlo nan je, paske tout pèp la t'ap rele ansanm byen fò.
Moun te ka tande yo byen lwen.

4 Lènmi moun Jida yo ak lènmi moun Benjamen yo
vin konnen moun ki te tounen soti nan kote yo te
depòte yo a t'ap rebati yon kay pou Seyè a, Bondye pèp
Izrayèl la. **2** Yo vin jwenn Zowobabèl ak chèf fanmi yo, yo
di yo konsa: -Kite nou mete men ansanm ak nou nan
travay pou rebati tanp lan, paske nou menm tou se menm
Bondye a nou adore ak nou. Epi, depi lè Esaradon, wa
peyi Lasiri a, te fè nou vin rete isit la, n'ap ofri bèt pou yo
touye pou li. **3** Zowobabèl, Jozye ak tout lòt chèf fanmi yo
reponn yo: -Non mèsi! Nou pa bezwen konkou pesonn
pou nou bati yon tanp pou Seyè a, Bondye nou an. N'a
bati l' nou menm, pou kont nou ak men nou, jan Siris,
wa peyi Pès la, te ban nou lòd fè a. **4** Lè sa a, moun
ki t'ap viv depi lontan nan peyi a soti pou yo dekouraje
moun Jida yo. Yo t'ap kraponnen yo pou yo te sispann
travay batisman an. **5** Yo menm rive bay kèk anplwaye
gouvènman an lajan anba chal pou anpeche travay la

mache. Se konsa, pandan tout tan wa Siris t'ap gouvènen
an jouk sou rèy wa Dariyis, yo antrave travay moun yo
san rete. 6 Konsa tou, lè wa Zèsès te fenk pran pouvwa
a, yo ekri yon lèt akizasyon voye bay wa a kont moun
k'ap viv nan peyi Jida ak nan lavil Jerizalèm. 7 Sou rèy
wa Atagzèsès, Bislam, Mitridat ak Tabeyèl mete tèt yo
ansanm avèk kèk lòt kòlèg yo, yo ekri yon lèt plent voye
bay Atagzesès, wa peyi Pès la, kont moun Jerizalèm yo.
Lèt la te ekri nan lang arameyen, e se pou yo te tradwi l'
lè yo t'ap li l'. 8 (Dokiman arameyen an konmanse isit
la). Se konsa Reyoum, gouvènè a, ak Chimchayi, ki te
sekretè pwovens la, ekri yon lèt bay wa Atagzèsès sou
keksyon lavil Jerizalèm lan. Men ki jan lèt te pati: 9 Se
mwen menm, Reyoum, gouvènè a ak Chimchayi, sekretè
pwovens la, ki ekri lèt sa a ansanm ak tout lòt kòlèg nou
yo anplwaye gouvenman an, moun lavil Den, moun lavil
Afasatak, moun lavil Tapèl, moun lavil Afaras, moun lavil
Erèk, moun lavil Babilòn, moun lavil Souz, moun lavil
Deya ak moun peyi Elam, 10 avèk chèf tout lòt pèp k'ap
viv koulye a nan lavil peyi Samari yo ak nan rès pwovens
ki bò solèy kouche larivyè Lefrat la. Se gran wa Asnapa,
wa ki te fè tout moun respekte l' la, ki te depòte yo al fè yo
viv kote yo ye koulye a. 11 Men kopi lèt yo te voye bay wa
a. -Pou wa Atagzèsès. Se nou menm sèvitè ou yo, moun
pwovens lòt bò larivyè Lefrat la, k'ap voye di ou bonjou.
12 Nou vle fè wa a konnen jwif yo soti nan tout teritwa ki
sou lòd li yo, yo vini lavil Jerizalèm, epi y'ap rebati lavil
sa a ki pa janm vle soumèt devan li epi ki toujou ap fè
bagay ki mal. Y'ap travay pou rebati gwo miray ranpa
lavil la, yo gen tan fini ak fondasyon an. 13 Nou vle fè
wa a konnen, si moun sa yo rebati lavil la, si yo remoute
miray ranpa a ankò, yo p'ap peye okenn taks, yo p'ap
fè okenn kontribisyon, ni yo p'ap bay lajan yo fè moun
peye pou pase lakay yo. Lè sa a se kès wa a menm ki
pral fè defisi. 14 Men, paske nou respekte kontra nou
gen avè ou la, monwa, nou pa ka rete konsa ap gade
moun yo ap kraze enterè wa a. Se poutèt sa nou voye fè
wa a konn sa, 15 pou l' ka fè rechèch nan achiv zansèt
li yo te kite. Nan ansyen dokiman sa yo, l'a jwenn sa
yo te ekri sou lavil sa a. L'a konnen jan lavil sa a pa te
janm vle soumèt devan yo, li te toujou pare pou revòlte.
Se poutèt sa yo te detwi lavil sa a nèt. 16 Nou fè wa a
konnen si yo rebati lavil sa a, si yo refè miray ranpa li
yo, talè konsa wa a p'ap gen yon teritwa pou li ankò nan
pwovens bò solèy kouche larivyè Lefrat la. 17 Men repons
wa a voye ba yo: -Nou voye gwo bonjou pou Reyoum,
gouvènè a, Chimchayi, sekretè pwovens la, ak tout lòt
kòlèg yo k'ap viv nan peyi Samari ak nan rès pwovens
lòt bò larivyè Lefrat. 18 Lèt nou te voye ban mwen an
rive jwenn mwen. Yo tradwi l' mo pa mo pou mwen. 19
Mwen pase lòd pou yo fè rechèch nan achiv yo, epi yo
jwenn lavil sa a, depi tout tan, te toujou derefize soumèt
devan otorite wa yo. Se tout tan gen moun la k'ap revòlte,
k'ap pran lèzam kont wa yo. 20 Te gen gwo wa ki te konn
gouvènen lavil Jerizalèm. Yon lè, yo te donminen sou tout
teritwa ki lòt bò larivyè Lefrat la. Yo te konn fè moun peye
yo taks, lajan kontribisyon ak lajan pou pèmèt yo pase
sou chemen lakay yo. 21 Se poutèt sa, nou mèt bay lòd
pou yo rete travay mesye yo ap fè a: Pesonn p'ap gen
dwa rebati lavil sa a toutotan mwen pa bay lòd pou sa. 22
Piga nou pote neglijans nan zafè sa a, pou kès wa a pa fè
plis defisi pase sa. 23 Fini yo fini li lèt wa Atagzèsès la
bay Reyoum, gouvènè a, Chimchayi, sekretè pwovens la,
ak lòt kòlèg yo nan gouvènman an, mesye yo leve, yo
kouri lavil Jerizalèm al jwenn jwif yo, avèk zam nan men
yo, yo fòse yo sispann travay la. 24 Se konsa yo te rete
travay tanp Bondye a lavil Jerizalèm. Travay la rete bloke
jouk dezyèm lanne rèy Dariyis, wa peyi Pès la.

5 Lè sa a, de pwofèt, Aje ak Zakari, pitit gason Ido a,
tanmen bay mesaj ki soti nan Bondye pèp Izrayèl la,
pou jwif ki rete nan peyi Jida ak lavil Jerizalèm yo. 2 Lè
Zowobabèl, pitit gason Chealtyèl la, ak Jozye, pitit gason
Jeozadak la, tande mesaj yo, lamenm yo konmanse rebati
tanp Bondye a lavil Jerizalèm. De pwofèt yo menm te
kanpe la avèk moun yo, ap ankouraje yo. 3 Lè sa a,
Tatenayi, gouvènè pwovens lòt bò larivyè Lefrat la, Cheta-
Boznayi ak lòt anplwaye gouvènman parèy yo, moute
lavil Jerizalèm, yo mande jwif yo: -Ki moun ki ban nou
otorizasyon rebati tanp sa a pou nou mete lotèl ladan l'?
4 Apre sa, yo mande yo ankò: -Eske nou ka ban nou non
tout moun k'ap travay sou chantye sa a? 5 Men Bondye
t'ap veye chèf fanmi jwif yo pou anyen pa t' rive yo. Se
konsa, chèf gouvènman yo pa t' rete travay la. Men, yo
voye yon rapò bay wa Dariyis, epi yo tann repons li anvan
yo pran okenn desizyon sou zafè sa a. 6 Men kopi rapò
Tatenayi, gouvènè pwovens lòt bò larivyè Lefrat la, Cheta-
Boznayi ak kòlèg li yo ansanm ak tout otorite pwovens la
te voye bay wa Dariyis. 7 Men sa yo te voye di l' nan rapò
a: -Nou voye bonjou pou Wa Dariyis! Kè poze pou ou nan
tou sa w'ap fè! 8 Se devwa nou pou nou fè wa a konnen
nou te ale nan pwovens Jida a, nou jwenn y'ap rebati
tanp Bondye ki gen pouvwa a, avèk gwo blòk wòch, y'ap
koupe gwo poto bwa pou mete nan mi yo. Moun yo pran
san yo pou yo fè bon travay, travay la ap mache byen. 9
Nou pale ak chèf fanmi yo, nou mande yo ki moun ki te
ba yo otorizasyon bati tanp lan, ak otorizasyon mete lotèl
ladan l'. 10 Nou te mande yo tou pou yo ban nou non yo
pou n' te ka fè ou konnen ki chèf ki te alatèt moun sa yo.
11 Men sa yo reponn nou: Yo menm, se sèvitè Bondye ki
kreye syèl la ak latè a yo ye. Y'ap rebati yon tanp yon
gran wa peyi Izrayèl la te bati nan tan lontan kite pou yo.
12 Men, zansèt yo te fè Bondye nan syèl la fache ak yo,
kifè Bondye lage yo nan men Nèbikadneza, moun peyi
Kalde, ki te wa peyi Babilòn. Wa sa a te fè detwi tanp
lan, epi li fè depòte tout pèp la lavil Babilòn. 13 Koulye
a, yo pretann di Siris, wa Babilòn lan, pa t' ankò fin gen
ennan depi li t'ap gouvènen lè li ba yo otorizasyon pou
yo rebati tanp Bondye a. 14 Yo di ankò: Nèbikadneza te
pran tout veso an lò ak an ajan ki te nan tanp Bondye a

lavil Jerizalèm, li te fè pote yo lavil Babilòn mete nan tanp
lavil sa a. Men, wa Siri a fè wete tout veso sa yo nan
tanp Babilòn lan, li renmèt yo bay yon nonm yo te rele
Chechbaza. Se nonm sa a li te mete chèf nan pwovens
Jida a. 15 Wa a te di l': Pran veso sa yo, al pote yo tounen
nan tanp ki lavil Jerizalèm lan, epi rebati tanp Bondye
a sou menm anplasman kote l' te ye a. 16 Se konsa,
Chechbaza sa a vini, li moute fondasyon tanp Bondye a
lavil Jerizalèm. Depi lè sa a, travay la ap mache, men yo
poko fini. 17 Koulye a menm, si wa a ta vle, li ta ka mande
yo chache nan achiv wa yo lavil Babilòn, pou wè si tout
bon vre, wa Siris te ba yo otorizasyon rebati tanp Bondye
a lavil Jerizalèm. Apre sa, y'a fè nou konnen desizyon wa
a sou zafè sa a.

6 Se konsa wa Dariyis bay lòd pou yo fè chache nan
tout depo kote yo te sere achiv yo ak trezò yo nan peyi
Babilòn. 2 Epi yo jwenn yon woulo papye nan fò Achmeta,
yon fòtrès ki te nan pwovens Medi a. Men sa ki te ekri
nan woulo papye a: 3 -Nan premye lanne rèy li, wa Siris
te bay lòd sa a sou tanp Bondye a nan lavil Jerizalèm:
Se pou yo rebati tanp lan pou l' ka sèvi kote yo ka touye
bèt ak boule ofrann nan dife pou Bondye. Tanp lan va
gen trant mèt wotè, trant mèt lajè. 4 Y'a moute miray yo
an bwa ak wòch, yonn sou lòt, twa ranje wòch pou chak
ranje bwa. Y'a pran lajan nan kès wa a pou peye tout
depans ki va fèt pou travay la. 5 Konsa tou, y'a renmèt yo
tout veso an lò ak an ajan Nèbikadneza te pran nan tanp
Bondye a lavil Jerizalèm pou l' te pote isit lavil Babilòn,
pou tout bagay tounen nan plas yo nan tanp Bondye a
lavil Jerizalèm. 6 Lè sa a, wa Dariyis voye repons sa a:
-Pou Tatenayi, gouvènè pwovens lòt bò larivyè Lefrat
la, Cheta-Boznayi ak lòt kòlèg yo ki otorite nan Afasak
la. Pa pwoche bò tanp lan. 7 Kite yo travay nan tanp
Bondye a. Se pou gouvènè pèyi Jida a ak chèf fanmi yo
rebati tanp lan sou menm anplasman kote l' te ye anvan
an. 8 Okontrè, men ki jan pou nou boule ak chèf fanmi
pèp jwif yo nan travay y'ap fè pou rebati tanp Bondye
sa a: N'a pran lajan nan kès wa ki nan men nou an, ki
vle di nan lajan kontribisyon n'a ranmase nan pwovens
la, n'a renmèt yo kòb tout depans y'a fè, san wete senk,
pou travay la pa rete. 9 N'a bay prèt Jerizalèm yo tou sa
y'a bezwen pou fè ofrann bèt pou yo boule nèt nan dife
pou Bondye ki nan syèl la. Chak jou, dapre sa prèt lavil
Jerizalèm yo va di nou, n'a ba yo jenn ti towo, belye, ti
mouton ansanm ak ble, sèl, diven, lwil y'a bezwen pou
boule pou Seyè a. Pa pote okenn neglijans nan sa. 10
Konsa, y'a ka ofri sakrifis santi bon ki va fè Seyè a plezi.
Y'a lapriyè pou wa a ak pou pitit li yo. 11 Men yon lòd
mwen bay ankò: si yon moun refize fè anyen nan sa m'
mande la a, y'a rache yon poto bwa nan kay li, y'a fè yon
pwent li, y'a pèse moun lan pak an pak ak li. Pou kay li a
menm, y'a fè l' tounen yon pil fatra, poutèt sa li fè a. 12
Se pou Bondye ki chwazi lavil Jerizalèm pou se la yo bati
kay li a jete tout wa, kraze tout nasyon ki ta konprann
pou yo pa koute lòd mwen bay la a, epi ki ta detwi tanp
Bondye a ki lavil Jerizalèm. Se mwen menm, Dariyis, ki
bay lòd sa a. Se pou yo fè sa mwen bay lòd fè a san wete
san mete. 13 Tatenayi, gouvènè pwovens ki lòt bò larivyè
Efrat la, Cheta-Boznayi ak lòt chèf yo fè sa wa Dariyis te
bay lòd fè a san wete san mete. 14 Chèf fanmi jwif yo
menm rebati tanp lan san pwoblèm, avèk ankourajman
Aje, pwofèt Bondye a, ak Zakari, pitit gason Ido a, t'ap ba
yo ak mesaj Bondye yo. Se konsa yo fin rebati tanp lan
jan Bondye pèp Izrayèl la te ba yo lòd la, ak jan Dariyis,
Siris ak Atagzèsès, tou twa wa peyi Pès la, te ba yo lòd la
tou. 15 Travay la fini sou twazyèm jou nan mwa Ada a,
nan sizyèm lanne rèy wa Dariyis. 16 Lè sa a, tout pèp
Izrayèl la, prèt yo, moun Levi yo ak tout rès moun ki te
tounen yo fè fèt, yo fè gwo seremoni pou mete tanp lan
apa pou sèvis Bondye. 17 Yo ofri san (100) towo, desan
(200) belye mouton, katsan (400) ti mouton pou yo touye
pou mete tanp lan apa pou sèvis Bondye. Yo ofri tou douz
bouk kabrit, yonn pou chak branch fanmi pèp Izrayèl la,
pou mande Bondye padon pou peche pèp la. 18 Apre
sa, yo òganize sèvis tanp Bondye a lavil Jerizalèm. Yo
separe prèt yo an divès kategori, yo separe moun Levi yo
an divès klas, chak gwoup ak travay pa yo pou yo fè,
jan sa ekri nan liv Moyiz la. 19 Katòzyèm jou mwa Nisan
an, nan lanne senksankenz (515), jwif ki te tounen soti
nan peyi kote yo te depòte yo a fete fèt Delivrans lan. 20
Yo te fè yon sèl sèvis pou tout prèt yo ansanm ak tout
moun Levi yo pou mete yo nan kondisyon pou fè sèvis
Bondye. Yo tout te nan kondisyon pou fè sèvis Bondye:
yo touye bèt yo te ofri pou fèt Delivrans lan, yo fè yon sèl
seremoni pou tout pèp la, pou prèt parèy yo ak pou yo
menm tou. 21 Men moun ki te manje manje Delivrans lan.
Se te tout jwif ki te tounen soti nan peyi kote yo te depòte
yo a ansanm ak rès moun pèp Izrayèl yo ki pa t' janm kite
peyi yo men ki te vire do bay vye bagay lòt moun yo t'ap
fè nan peyi yo epi ki te vin mete tèt ansanm ak moun ki
te tounen yo pou adore Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la.
22 Pandan sèt jou, yo fete Fèt Pen san ledven an ak kè
kontan. Yo te kontan anpil dèske Seyè a te manyen kè wa
peyi Lasiri a, ki te ankouraje yo anpil nan tout gwo travay
yo t'ap fè a pou rebati tanp Bondye pèp Izrayèl la.

7 Kèk tan apre tout evènman sa yo, sou rèy Atagzèsès,
wa peyi Pès la, te gen yon nonm yo te rele Esdras
ki te soti nan branch fanmi Arawon an. Papa l' te rele
Seraja. Seraja te pitit Azarya, Azarya te pitit Ilkija. 2
Ilkija te pitit Chaloum, Chaloum te pitit Zadòk, Zadòk te
pitit Achitoub. 3 Achitoub te pitit Amarya, Amarya te pitit
Azarya, Azarya te pitit Merajòt. 4 Merajòt te pitit Zeraja,
Zeraja te pitit Ouzi, Ouzi te pitit Bouki. 5 Bouki te pitit
Abichwa, Abichwa te pitit Fineas, Fineas te pitit Eleaza,
Eleaza te pitit Arawon, granprèt la. 6 Esdras te yon nonm
save ki te fò anpil nan lalwa Seyè a, lalwa Bondye pèp
Izrayèl la te bay Moyiz la. Li t'ap travay ak wa a. Wa a te
bay Esdras tou sa li te mande l', paske Seyè a, Bondye li
a, t'ap pwoteje l'. Se konsa li kite lavil Babilòn pou l' moute

lavil Jerizalèm. 7 Anpil lòt moun nan pèp Izrayèl la, nan
prèt yo, nan moun Levi yo, nan sanba yo, nan gad tanp
yo ak lòt travayè yo, te pran wout la moute lavil Jerizalèm
ansanm ak li. Lè sa a, wa Atagzèsès te nan setyèm lanne
rèy li. 8 Yo rive Jerizalèm nan senkyèm mwa setyèm
lanne rèy Atagzèsès la. 9 Yo te kite lavil Babilòn premye
jou nan premye mwa a. Epi yo rive lavil Jerizalèm premye
jou nan senkyèm mwa a, avèk pwoteksyon Bondye. 10
Esdras te pase tout tan li ap etidye lalwa Seyè a. Li t'ap
swiv tou sa ki ladan l'. Li t'ap moutre pèp Izrayèl la tout lòd
ak tout regleman Seyè a. 11 Men kopi lèt wa Atagzèsès
te renmèt Esdras, ki te yon prèt ak yon nonm save. Li te
dòktè nan zafè lalwa ak kòmandman Seyè a te bay pèp
Izrayèl la. 12 Men lèt Atagzèsès, gran wa a, te ekri bay
Esdras, nonm save ki fò nan lalwa Bondye ki nan syèl la!
-Koulye a, 13 mwen bay lòd nan tout peyi m'ap gouvènen
yo pou tout moun nan pèp Izrayèl la, nan prèt yo osinon
nan moun Levi yo, ki vle ale avè ou lavil Jerizalèm, pou
yo kite yo ale. 14 Se mwen menm, wa a, ansanm ak sèt
konseye m' yo ki voye ou al fè enspeksyon nan peyi Jida
a ak nan lavil Jerizalèm pou ou wè ki jan moun yo ap swiv
liv lalwa Bondye ki nan men ou lan. 15 W'a pran avè ou
ajan ak lò wa a ansanm ak konseye l' yo te fè lide bay
pou Bondye pèp Izrayèl la, ki gen tanp li lavil Jerizalèm.
16 W'a pote tou tout ajan ak lò y'a ba ou nan tout pwovens
Babilòn lan ansanm ak ofrann pèp la ak prèt yo te fè
lide voye paske yo vle fè l' pou kay Bondye a nan lavil
Jerizalèm. 17 Konsa, avèk tout ajan sa a w'a achte towo
bèf, belye mouton, jenn ti mouton ansanm ak grenn jaden,
grenn danre, diven ak lwil ki pou mache ak yo. Epi w'a ofri
yo sou lotèl la nan tanp Bondye ou la ki lavil Jerizalèm. 18
Avèk ajan ak lò ki va rete a, ou menm ak frè ou yo, n'a
fè sa nou vle avè l', depi sa nou fè a dakò ak volonte
Bondye nou an. 19 W'a pran tout veso yo te renmèt ou
nan men pou sèvi nan tanp Bondye ou la, w'a mete yo
nan tanp lan lavil Jerizalèm, devan lotèl Bondye ou la. 20
Si gen lòt bagay ou bezwen ankò pou tanp Bondye ou la,
ou mèt pran nan kès wa a pou achte yo. 21 Mwen menm,
wa Atagzèsès, mwen pase lòd bay tout trezorye leta ki
nan pwovens lòt bò larivyè Lefrat la, pou yo bay Esdras,
prèt la, nonm save ki fò nan lalwa Bondye ki nan syèl la,
tou sa l'a mande yo san pran reta, 22 depi sa l' mande
a pa depase an total sanvenmil ons ajan, sisansenkant
(650) barik ble, sisan (600) galon diven, sisan (600) galon
lwil oliv. Pou disèl la, y'a ba li valè li bezwen. 23 Se pou
ou sèten yo bay tou sa Bondye ki nan syèl la mande pou
tanp li a, san manke anyen, pou Bondye pa janm fache
sou mwen, ni sou pitit ki va gouvènen peyi a apre m'. 24
Epi m' fè nou konnen yo pa gen dwa fè ni prèt yo, ni moun
Levi yo, ni sanba yo, ni gad tanp yo, ni domestik yo, ni
okenn lòt moun k'ap sèvi nan tanp Bondye a, peye okenn
taks, okenn kontribisyon ni okenn dwa lese pase. 25 Ou
menm menm, Esdras, avèk bon konprann Bondye ba ou
a, w'a chwazi majistra ak jij pou gouvènen tout moun pèp
Izrayèl yo k'ap viv dapre lalwa Bondye ou la, nan pwovens
lòt bò larivyè Lefrat la. Si genyen ki pa konnen lalwa a, se
pou ou fè yo aprann li. 26 Tout moun ki pa mache dapre
lalwa Bondye ou la osinon dapre lòd wa a bay la, se pou
yo san pitye pou yo lè y'ap pini yo pou sa yo fè a. Sa pou
yo touye y'a touye. Sa pou yo depòte y'a depòte. Sa pou
yo fè peye amann y'a fè peye amann. Sa pou yo mete
nan prizon y'a mete nan prizon! 27 Lè sa a, Esdras di: -
Lwanj pou Seyè a, Bondye zansèt nou yo! Li mete nan tèt
wa a lide pou l' fè tout bèl bagay sa yo pou tanp Seyè a
lavil Jerizalèm. 28 Li fè m' jwenn favè devan wa a, devan
konseye l' yo ak tout lòt gwo zotobre k'ap travay ak wa a.
Li te ban m' kouraj, mwen te rive sanble tout chèf fanmi
pèp Izrayèl la pou yo pati avè mwen!

8 Men lis chèf fanmi yo ansanm ak non zansèt yo ki
te pati ansanm avè m' soti lavil Babilòn pou moute lavil
Jerizalèm sou rèy wa Atagzèsès: 2 -(we vèsè pwochen)
3 Se te Gèson, chèf branch fanmi Fineas la, Danyèl, chèf
branch fanmi Itama a, Atouch, pitit gason Chekanya a,
chèf branch fanmi David la, Zekarya, chèf branch fanmi
Pareòch la. Zekarya te gen avè l' sansenkant (150) gason
yo te konte nan fanmi an. 4 Elyeyoenayi, pitit gason Seraji
a, chèf branch fanmi Pakat m'oab la. Li te gen avè l'
desan (200) gason. 5 Chekanya, pitit gason Jazyèl la,
chèf branch fanmi Zatou a. Li te gen avè l' twasan (300)
gason. 6 Ebèd, pitit gason Jonatan an, chèf branch fanmi
Aden an. Li te gen avè l' senkant gason. 7 Yechaya, pitit
gason Atalya a, chèf branch fanmi Elam lan. Li te gen avè
l' swasanndis gason. 8 Zebadya, pitit gason Mikayèl la,
chèf branch fanmi Chefatya a. Li te gen katreven gason
avè l'. 9 Obadya, pitit gason Jeyèl la, chèf branch fanmi
Joab la. Li te gen desandizwit (218) gason avè l'. 10
Chelomit, pitit gason Josifya a, chèf branch fanmi Bani an.
Li te gen sanswasant (160) gason avè l'. 11 Zakariya, pitit
gason Bebayi a, chèf branch fanmi Bebayi a. Li te gen
ventwit gason avè l'. 12 Jokanan, pitit gason Akatan an,
chèf fanmi Azgad la. Li te gen sandis (110) gason avè l'.
13 Pou branch fanmi Adonikam an, se te Elifelèt, Jeyèl ak
Chemaja. Yo te gen swasant gason avèk yo. Moun sa yo
te vin apre. 14 Outayi, pitit gason Zaboud la, chèf branch
fanmi Bigvayi a. Li te gen swasandis gason avè l'. 15
Mwen sanble tout moun sa yo bò gwo kannal ki mennen
dlo nan lavil Aava a. Nou pase twa jou la. Antan nou la,
mwen remake nou te gen prèt nan gwoup la, men pa t'
gen moun Levi. 16 Lè sa a, mwen fè chache nèf chèf
sa yo: Elyezè, Aryèl, Chemaja, Elnatan, Jarib, Elnatan,
Natan, Zakaraya ak Mechoulam ansanm ak direktè sa
yo: Jojarib ak Elnatan, de moun ki konn esplike lalwa a.
17 Mwen voye yo bò kote Ido, chèf kominote Kasifya a.
Mwen esplike yo tou sa pou yo di Ido ak kòlèg li yo ki konn
tout travay pou fèt nan tanp lan, epi ki t'ap viv ansanm nan
kominote Kasifya a, pou yo ka fè nou jwenn kèk gason
pou travay nan tanp Bondye nou an. 18 Se konsa, avèk
benediksyon Bondye ki te sou nou, yo ban nou Cherebya,
yon nonm lespri, ki te soti nan branch fanmi Makli, yonn

nan pitit gason Levi yo ki li menm te pitit Izrayèl. Te gen
dizwit nan pitit li yo ak fanmi l' yo ki te vini ak li tou. 19
Yo ban nou ankò Achabya ak Jechaya, frè li a, tou de
moun branch fanmi Merari. Te gen vin nan pitit gason yo
ki te vini ak yo tou. 20 Te gen tou desanven (220) travayè
pou tanp lan. Se wa David ak chèf li yo ki te bay zansèt
moun sa yo reskonsablite pou ede moun Levi yo nan
sèvis yo. Yo te pran non tout moun sa yo. 21 Antan nou la
bò kannal Aava a, mwen bay lòd pou tout moun fè jèn,
pou nou soumèt nou devan Bondye, pou mande l' pou
nou fè yon bon vwayaj, pou l' pwoteje nou, pitit nou yo
ansanm ak tout byen nou yo. 22 Mwen te wont mande wa
a yon lame ak kavalye pou pwoteje nou si yon lènmi ta
atake nou sou wout, paske mwen te fin di wa a konsa
Bondye nou an ap pwoteje tout moun ki mete konfyans yo
nan li, l'ap beni yo. Konsa tou, l'ap fache sou moun ki vire
do ba li, l'ap pini yo. 23 Se konsa nou fè jèn, nou lapriyè
Bondye pou l' pwoteje nou. Epi li reponn lapriyè nou yo.
24 Apre sa, mwen chwazi douz moun nan chèf prèt yo: se
te Cherebya, Achabya ak dis lòt chèf prèt. 25 Mwen pran
pèz tout ajan ak tout lò ak tout lòt veso wa a, konseye l'
yo ak lòt chèf ki avè l' yo te bay pou sèvi nan tanp Bondye
nou an ansanm ak ofrann moun pèp Izrayèl yo, epi mwen
renmèt yo bay douz chèf prèt yo. 26 Men sa mwen te
renmèt yo nan men: nèfsandouzmil (912.000) ons ajan,
ak san veso an ajan ki te peze demilkatsan (2.400) ons,
sansenkantwitmil (158.000) ons lò, 27 ak vin bòl an lò ki
te peze desanswasanndis (270) ons. Te gen de bèl bòl an
kwiv dore ki te gen menm valè ak bòl an lò yo. 28 Mwen
di yo: Nou menm, nou se moun yo mete apa pou sèvis
Seyè a. Veso sa yo, yo mete yo apa pou Seyè a tou. Ajan
sa yo ak lò sa yo se ofrann moun yo te fè lide ofri bay
Seyè a, Bondye zansèt nou yo. 29 Nou reskonsab yo jouk
n'a rive nan tanp lan lavil Jerizalèm. Rive la, nan chanm
prèt yo ki nan tanp Bondye a, n'a peze yo ankò devan
chèf prèt yo ak chèf moun Levi yo, devan chèf branch
fanmi pèp Izrayèl la, epi n'a renmèt yo li. 30 Se konsa,
lè mwen fin peze ajan an, lò a ak veso yo, prèt yo ak
moun Levi yo pran yo nan men m', pou pote yo jouk lavil
Jerizalèm, nan tanp Bondye nou an. 31 Sou douzyèm jou
premye mwa a, nou kite kote nou te ye a bò kannal Aava
a, nou pati pou lavil Jerizalèm. Bondye nou an te la ak
nou sou tout wout la. Li pwoteje nou, li pa kite okenn lènmi
atake nou, li pa kite nou tonbe nan okenn anbiskad vòlò
ta ka pare sou wout pou nou. 32 Nou rive lavil Jerizalèm,
nou pase twa jou ap poze kò nou. 33 Sou katriyèm jou
a, n' al nan tanp Bondye nou an, yo peze ajan an, lò a
ak veso yo, epi yo renmèt yo nan men Meremòt, prèt
la, pitit gason Ouri a. Avèk li te gen Eleaza, pitit gason
Fineas la, ak de moun Levi: Jozabad, pitit gason Jozye,
ak Noadja, pitit gason Bennwi a. 34 Yo konte, yo peze,
yo jwenn tout bagay, anyen pa t' manke. Lè sa a, yo fè
yon lis tou sa yo te peze, epi yo sere lis la. 35 Moun ki
te tounen soti nan peyi kote yo te depòte yo a ofri bèt
pou yo boule nèt pou Bondye pèp Izrayèl la. Yo ofri douz
towo pou tout pèp Izrayèl la, katrevensèz belye mouton,
swasanndisèt ti mouton ak douz bouk kabrit pou mande
Bondye padon pou peche yo. Yo boule tout bèt sa yo nèt
nan dife pou Seyè a. 36 Yo pran tout dokiman wa a te ba
yo, yo renmèt prefè wa yo ak gouvènè yo ki reskonsab
pwovens lòt bò larivyè Lefrat la. Se konsa, tout chèf sa yo
vin ede pèp la, yo bay konkou yo pou tanp Bondye a.

9 Lè tout bagay sa yo fin regle, chèf pèp Izrayèl yo vin
jwenn mwen, yo di m' konsa: -Pèp la, ansanm ak prèt
yo ak moun Levi yo fin melanje nèt ak moun lòt nasyon ki
nan peyi a: moun Kanaran yo, moun Et yo, moun Ferezi
yo, moun Jebis yo, moun Amon yo, moun Moab yo, moun
Lejip yo ak moun Amori yo. Yo lage kò yo nan fè menm
vye bagay ak moun sa yo. 2 Yo marye ak fanm pèp sa
yo, yo marye pitit gason yo ak pitit fi pèp sa yo. Se konsa,
ras Bondye chwazi pou li a twouve l' melanje ak ras moun
peyi a. Premye moun ki lage kò yo nan move zak sa yo se
chèf yo ak konseye yo. 3 Lè m' tande sa, mwen vin gen
yon sèl lapenn, mwen chire rad sou mwen, mwen rache
cheve nan tèt mwen ak plim bab mwen. 4 M' al koupi
kò m' yon kote sitèlman sa te fè m' lapenn. Anpil moun
te pè lè yo vin konnen sa Seyè a te di sou koze peche
moun yo te depòte epi ki te tounen nan peyi a te fè a. Yo
tout vin sanble bò kote m'. Mwen menm menm, mwen
te rete chita koupi atè a, jouk lè pou yo fè ofrann chak
aswè a rive, tèlman sa te fè m' mal. 5 Lè lè a rive pou yo
fè ofrann chak aswè a, mwen leve kote m' te koupi ap
kriye a, epi ak tout rad chire yo sou mwen, mwen tonbe
ajenou, mwen louvri de bra m' devan Seyè a, Bondye
mwen an. 6 Mwen di l' konsa: -O Bondye papa m'! Mwen
twò wont, mwen pa konn sa pou m' fè! M' pa ka leve tèt
mwen devan ou, Bondye mwen! Nou tèlman fè sa ki mal,
yo fè pil moute pi wo pase tèt nou. Peche nou yo anpile
yonn sou lòt, yo rive jouk nan syèl la. 7 Depi nan tan
zansèt nou yo jouk jounen jòdi a, nou pa manke fè sa ki
mal. Se poutèt tou sa nou te fè ki mal kifè ou te lage nou
ansanm ak wa nou yo ak prèt nou yo nan men wa lòt peyi
yo. Yo touye nou nan lagè, yo depòte nou, yo piye tout
ajan nou, yo fè nou wont jan nou ye jouk koulye a. 8 Men
koulye a, depi kèk jou, Seyè a, Bondye nou an, te fè nou
yon favè. Li sove de twa nan nou, li ban nou yon kote pou
nou jwenn pwoteksyon nan kay ki apa pou li a. Se konsa
li ban nou kouraj ankò, li wete nou nan kalite esklavaj
kote nou te ye a, li ban nou yon ti souf. 9 Paske se esklav
nou ye jouk jòdi a. Men menm nan esklavaj sa a, Bondye
pa lage nou. Li fè wa peyi Pès yo aji byen ak nou. Yo ban
nou yon ti souf, pou nou te ka rebati tanp Bondye nou an
ki te fin kraze nèt. Yo ban nou yon kote pou nou jwenn
pwoteksyon nan peyi Jida ak lavil Jerizalèm. 10 Koulye a
menm, Bondye, kisa pou nou di ou? Menm apre tou sa ou
deja fè pou nou, nou dezobeyi tout kòmandman 11 ou te
ban nou pou nou swiv, lè pwofèt yo, sèvitè ou yo, te di
nou nan non ou: Peyi kote nou pral antre a, peyi nou pral
pran pou nou rete a, se yon peyi ki pèdi favè Bondye,

paske moun k'ap viv ladan l' yo ap fè yon bann bagay
degoutan, vye bagay sal toupatou ladan l'. 12 Enben! Piga
nou marye pitit fi nou yo ak pitit gason yo, ni piga nou
chwazi pitit fi yo pou pitit gason nou yo. Nou pa bezwen
chache konnen si zafè yo ap mache, si yo gen kè kontan.
Se sèl jan nou menm nou ka vin fò, nou ka manje tout
bon bagay ki donnen nan peyi a, nou ka kite tè sa a pou
pitit nou yo pou tout tan. 13 Apre tou sa ki te rive nou, yon
jan pou ou te pini nou pou move zak ak tout bagay mal
nou te fè yo, nou wè, O Bondye nou, ou pa t' pini nou jan
nou te merite l' la. Ou te kite yon ti rès nan nou ap viv
toujou, nou menm ki la koulye a. 14 Epi pou koulye a
ankò pou nou pa swiv kòmandman ou yo, pou n' al marye
avèk kalite move moun sa yo? Fwa sa a, p'ap gen anyen
ki pou anpeche ou fache sou nou jouk pou ou detwi nou
nèt, san ou pa kite pesonn chape! 15 Seyè, ou menm ki
Bondye pèp Izrayèl la, se paske ou bon anpil pou nou kifè
gen yon ti ponyen nan nou ki rete toujou, jan sa ye jòdi a.
Epi, gade koulye a, men nou kanpe devan ou avèk tout
peche nou yo! Wi, nou pa gen dwa rete vivan devan ou
ankò poutèt sa!

10 Esdras menm te ajenou toujou, fas atè, devan Kay
Bondye a, li t'ap lapriyè. Dlo nan je, li t'ap rekonèt
tout fòt pèp la te fè devan Bondye. Pandan li t'ap fè sa,
yon foul moun pèp Izrayèl la, gason, fanm ak timoun, vin
sanble fè wonn bò kote l'. Dlo t'ap ponpe nan je yo tout. 2
Le sa a, Chekanya, pitit gason Jeyèl la, nan branch fanmi
Elam lan, pran lapawòl. Li di Esdras konsa: -Nou trayi
Bondye nou an vre lè nou pran fanm lòt nasyon k'ap viv
nan peyi a pou madanm nou. Men malgre sa, mwen kwè
gen espwa toujou pou pèp Izrayèl la. 3 Nou tout pral pran
angajman an piblik devan Bondye pou nou ranvwaye tout
medam sa yo ansanm ak pitit yo fè pou nou. Wi, mèt, nou
pral swiv konsèy ou menm ak lòt moun ki gen respè pou
kòmandman Bondye nou an te ban nou. Se pou nou fè
tou sa lalwa Bondye a mande nou fè. 4 Leve non! Se ou
menm ki pou regle bagay sa a. N'ap kanpe la avè ou!
Kouraj! Annavan! 5 Lè sa a, Esdras leve, li fè chèf prèt yo,
chèf moun Levi yo ak tout rès moun yo sèmante yo pral fè
sa Chekanya te di a. Yo sèmante vre. 6 Apre sa, Esdras
ale lakay Jokanan, pitit gason Eliyachib la, sou devan
tanp Bondye a. Li pase nwit lan la, san manje, san bwè,
paske li te nan gwo lapenn dèske moun yo te depòte epi
ki te tounen nan peyi a pa t' kenbe pawòl yo. 7 Yo fè yon
piblikasyon nan tout peyi Jida a ak nan lavil Jerizalèm,
pou mande tout moun ki te tounen soti nan peyi kote yo te
depòte yo a pou yo tout te reyini lavil Jerizalèm. 8 Si yon
moun kite twa jou pase li pa moute, tout chèf yo ak tout
moun ki an tèt branch fanmi yo te dakò pou yo te sezi tout
byen moun sa a, pou yo te fè tanp Bondye a kado l', lèfini
pou yo pa t' konsidere l' tankou moun sosyete a ankò avèk
rès moun ki te tounen soti kote yo te depòte yo a. 9 Nan
twa jou vre, ki te ventyèm jou nan nevyèm mwa a, tout
gason ki t'ap viv sou pòsyon tè ki te pou branch fanmi Jida
ak branch fanmi Benjamen yo te sanble lavil Jerizalèm. Yo
rete sou plas piblik ki devan tanp Bondye a. Yon gwo lapli
t'ap tonbe. Tout moun t'ap tranble, yo te frèt, men yo te pè
tou paske se te yon gwo zafè. 10 Lè sa a, Esdras, prèt la,
leve, li di yo: -Lè nou marye ak fanm lòt nasyon yo, se
trayi nou trayi Bondye. Se mete nou mete sou tou sa k'ap
fèt mal deja nan mitan pèp Izrayèl la. 11 Men koulye a,
rekonèt devan Seyè a, Bondye zansèt nou yo, sa nou fè
ki mal la. Fè sa li vle nou fè a: pran distans nou ak moun
lòt nasyon k'ap viv nan peyi a. Separe ak fanm nou te
pran pami lòt nasyon yo pou madanm. 12 Tout pèp la
pran reponn byen fò: -Wi. N'ap fè tou sa ou mande nou fè!
13 Men pèp la anpil. Se sezon lapli. Nou pa ka rete deyò a
konsa. Epitou, se pa bagay k'ap pran yon jou osinon de
jou, paske gen anpil nan nou ki koupab nan zafè sa a. 14
Se pou chèf nou yo rete isit la nan plas nou pou regle
bagay la. Nan dat y'a fikse a, tout moun nan peyi a ki
marye ak yon fanm lòt nasyon va vin parèt devan yo. Chèf
fanmi yo ak jij k'ap dirije lavil kote moun lan rete a va vin
avè l'. Konsa konsa, jouk kòlè Bondye ki te tonbe sou nou
poutèt bagay sa a va bese. 15 Tout moun te dakò esepte
Jonatan, pitit gason Asayèl, ak Jaksya, pitit gason Tikva
a, ki te kont. Machoulam ak Chabtayi, yon moun Levi,
te pran pozisyon ak yo tou. 16 Men, moun ki te tounen
soti nan peyi kote yo te depòte yo a te dakò ak sa yo te
mande yo fè a. Esdras, prèt la, fè chwazi kèk moun ki te
chèf branch fanmi pou ede l' nan travay la. Li pran non
yo sou lis. Epi se konsa, depi premye jou dizyèm mwa
a yo chita nan tribinal, y'ap egzaminen ka chak moun
yonn apre lòt. 17 Apre twa mwa, jou pou jou, lè premye
jou premye mwa a rive, yo te fin regle zafè tout moun ki
te marye ak fanm lòt nasyon yo. 18 Men lis gason ki te
marye ak fanm lòt nasyon yo: Pami prèt yo, nan branch
fanmi Jozye a, pitit Jeozadak la ak nan branch fanmi frè l'
yo, te gen Maseja, Elyezè ak Gedalya. 19 Yo fè sèman
y'ap ranvwaye madanm yo, epi yo ofri yon belye mouton
bay Seyè a pou mande li padon pou fòt yo te fè a. 20 Nan
branch fanmi Imè a te gen Anani ak Zebadya. 21 Nan
branch fanmi Arim lan, te gen Maseja, Elija, Chemaja,
Jeyèl ak Ouzya. 22 Nan branch fanmi Pachou an, te
gen Elyeyoenayi, Maseja, Jichmayèl, Netaneyèl, Jozabad
ak Eleaza. 23 Pami moun Levi yo, te gen Jozabad,
Chimeyi, Kelaya (yo te rele l' Kelita tou), Petaja, Jeouda
ak Elyezè. 24 Pami sanba yo, te gen Elijachib. Pami gad
tanp yo, te gen Chaloum, Telèm ak Ouri. 25 Pami rès pèp
la, nan branch fanmi Pareòch la, te gen Ramya, Jizija,
Malkija, Mijamen, Eleaza, Malkija ak Benaja. 26 Nan
branch fanmi Elam lan, te gen Natanya, Zekarya, Jeyèl,
Abdi, Jeremòt ak Elija. 27 Nan branch fanmi Zatou a, te
gen Elyeyoenayi, Elyachib, Matanya, Jeremòt, Zabad ak
Azisa. 28 Nan branch fanmi Bebayi a, te gen Yokanan,
Ananya, Zabayi a ak Atlayi. 29 Nan branch fanmi Bani
an, te gen Mechoulam, Malouk, Adaja, Jachoub, Cheal
ak Jeramòt. 30 Nan branch fanmi Pakat m'oab la, te
gen Adna, Kelal, Benaja, Machiya, Matanya, Bezaleyèl,
Bennwi ak Manase. 31 Nan branch fanmi Arim lan, te gen

Elyezè, Jichija, Malkija, Chemaja, Simeyon, **32** Benjamen,
Malouk ak Chemarya. **33** Nan branch fanmi Achoum
lan, te gen Matenayi, Matata. Zabab, Elifelèt, Jeremayi,
Manase ak Chimèyi. **34** Nan branch fanmi Bani an, te
gen Madayi, Amram, Ourèl, **35** Benaja, Bedeja, Kelwit,
36 Vanya, Meremòt, Elyachib, **37** Matanya, Matenayi ak
Jasayi. **38** Nan branch fanmi Bennwi a, te gen Chimèyi,
39 Chelemija, Natan, Adaja, **40** Maknadebayi, Chachayi,
Charayi, **41** Azaryèl, Chelemya, Chemarya, **42** Chaloum,
Amarya ak Jozèf. **43** Nan branch fanmi Nebo a te gen
Jeyèl, Matitya, Zabab, Zebina, Jadayi, Joèl ak Benaja.
44 Tout mesye sa yo te marye ak fanm lòt nasyon. Yo
ranvwaye medam yo ansanm ak tout pitit yo te fè pou yo.

Neemi

1 Men istwa Neemi, pitit gason Akalya a, jan li menm
li te rakonte l' la. Se te nan mwa Kislèv. Lè sa a, wa
Atagzèsès te gen ventan depi li t'ap gouvènen. Mwen
menm, Neemi, mwen te lavil Souz, kapital peyi a. **2** Anani,
yonn nan frè m' yo, rive soti nan peyi Jida ansanm ak kèk
lòt moun. Mwen mande yo nouvèl jwif yo, ti ponyen moun
pèp Izrayèl ki te soti nan peyi kote yo te depòte yo epi ki
tounen nan peyi yo a, ansanm ak nouvèl lavil Jerizalèm.
3 Yo reponn mwen: Moun ki tounen soti nan peyi kote yo
te depòte yo epi ki rete laba nan peyi nou an anba gwo
pwoblèm. Yo pa konn sa pou yo fè tèlman yo wont. Kanta
miray lavil Jerizalèm yo, yo te fin kraze. Gwo pòtay yo
menm te menm jan an toujou depi dife te fin boule yo a. **4**
Lè m' tande sa, mwen chita atè, mwen pran kriye. Mwen
pase anpil jou konsa nan gwo lapenn. Mwen pa manje,
mwen t'ap lapriyè Bondye ki nan syèl la. **5** Mwen di: -
Aa, Seyè, Bondye ki nan syèl la, ou se yon Bondye ki
gen pouvwa, yon Bondye ki fè moun gen krentif pou ou.
Ou kenbe pawòl ou te bay nan kontra ou la. Ou toujou
gen pitye pou moun ki renmen ou, pou moun ki swiv lòd
ou yo. **6** Tanpri, voye je ou sou mwen menm k'ap sèvi
ou la. Panche zòrèy ou pou tande lapriyè m'ap fè nan
pye ou koulye a, lajounen kou lannwit, pou sèvitè ou yo,
moun pèp Izrayèl yo. Mwen rekonèt tou sa moun pèp
Izrayèl yo fè ki mal devan je ou. Mwen rekonèt ni mwen
menm ni zansèt mwen yo nou fè peche. **7** Nou aji mal
anpil avè ou. Nou pa swiv tout kòmandman, tout lòd ak
tout regleman ou te bay Moyiz, sèvitè ou la, pou nou. **8**
Koulye a, chonje pawòl ou te bay Moyiz, sèvitè ou la, lòd
ki di nou: Si nou menm, moun pèp Izrayèl yo, nou pa
kenbe pawòl mwen yo, m'ap gaye nou sou latè nan mitan
tout lòt nasyon yo. **9** Men, si nou tounen vin jwenn mwen,
si nou pran swiv kòmandman mwen yo pou nou fè sa m'
di nou fè, yo te mèt depòte nou jouk byen lwen nan dènye
bout latè a, m'ap sanble nou, m'ap fè nou tounen kote
mwen chwazi pou m' rete a. **10** Enben! Seyè, men yo,
moun k'ap sèvi ou yo. Men pèp ou a, pèp ou te delivre ak
gwo pouvwa ou ak fòs ponyèt ou a. **11** Aa! Seyè, panche
zòrèy ou pou tande lapriyè mwen menm, sèvitè ou, m'ap
fè nan pye ou, lapriyè tout sèvitè ou yo ki pran plezi nan
gen krentif pou ou. Tanpri, Seyè, fè tout bagay mache
byen pou mwen jòdi a. Fè wa a resevwa m' byen. Lè sa a,
mwen te chèf kanbiz wa a.

2 Lè sa a, wa Atagzèsès te gen ventan depi li t'ap
gouvènen, nou te nan mitan mwa Nisan. Jou sa a, se
te tou pa m' pou m' te pote diven bay wa a. Mwen pran
diven an, mwen pote l' ba li. Li pa t' janm konn wè m'
parèt devan l' kagou. **2** Epi li di m' konsa: -Ki jan figi ou
fè rale konsa? Se pa malad ou malad? Kisa k'ap fè ou
lapenn konsa? Lè sa a m'ap mande nan kè m' sa ki pral
rive m'. **3** Mwen reponn li: -Mwen swete pou monwa viv
lontan! Men, ki jan pou m' fè pa kagou lè lavil kote zansèt
mwen yo antere a ap fin kraze, lè dife fin boule tout pòtay
li yo? **4** Wa a di m' konsa: -Kisa ou ta renmen m' fè pou
ou? Mwen lapriyè Bondye ki nan syèl la nan kè m'. **5** Epi
mwen reponn li: -Si sa fè monwa plezi, si ou kontan jan
m'ap sèvi ou la, tanpri, kite m' ale nan peyi Jida, nan lavil
kote zansèt mwen yo antere a, pou m' ka rebati l'. **6** Wa
a te chita avèk larenn li bò kote l', li mande m': -Konbe
tan vwayaj la pral pran ou? Kilè w'a tounen? Mwen di l'
konbe tan sa ka pran m'. Epi li dakò pou l' kite m' ale. **7**
Lè sa a, mwen di wa a: -Si sa fè monwa plezi, li ta fè ekri
kèk lèt pou mwen pou gouvènè ki nan pwovens lòt bò
larivyè Lefrat yo, pou yo ka kite m' pase jouk mwen rive
nan peyi Jida. **8** Li ta ban m' yon lèt tou pou Azaf, chèf ki
reskonsab rakbwa leta yo, pou l' ka ban mwen bwa pou
gwo pòtay fò k'ap pwoteje tanp lan, bwa pou ranpa lavil
la ak bwa pou kay kote pou m' rete a. Wa a ban mwen
tou sa mwen te mande l' paske Bondye te avèk mwen.
9 Wa a te voye kèk ofisye nan lame a ak kèk kavalye
pou ale avè m'. Se konsa, mwen pati pou pwovens ki lòt
bò larivyè Lefrat la, mwen pase lakay tout gouvènè yo,
mwen renmèt yo lèt wa a te ban mwen pou yo. **10** Men, lè
Sanbala, moun lavil Bèt-Owon, ak Tobija, yon moun peyi
Amon ki t'ap travay nan gouvènman an, vin konnen te
gen yon nonm ki te vin travay pou byen pèp Izrayèl la, sa
te gate san yo anpil. **11** Lè m' rive lavil Jerizalèm, mwen
kite twa jou pase anvan m' fè anyen. **12** Apre sa, mwen
leve nan mitan lannwit, mwen pran kèk moun pa m' avè
m'. Mwen pati san m' pa di pesonn sa Bondye te ban m'
lide fè pou lavil Jerizalèm. Sèl bèt nou te pran ak nou, se
te bèt pou m' moute a. **13** Li te fè nwa. Nou soti nan pòtay
Ti Fon an ki sou bò lwès, nou vire desann nan direksyon
sid, nou pase devan Fontenn Dragon an, ak devan pòtay
Depotwa a. Sou tout wout la, mwen t'ap egzaminen eta
ranpa lavil Jerizalèm lan, kote ki te gen twou ak pòtay dife
te boule yo. **14** Mwen vanse pi devan, mwen vire sou bò
nò. Mwen pase devan pòtay Fontenn lan ak Rezèvwa Wa
a. Lè m' rive la, bèt mwen te moute a pa t' ka jwenn kote
pou l' pase. **15** Nan fènwa a, mwen pase nan ravin lan,
mwen moute nan direksyon nò. Mwen t'ap egzaminen eta
miray la byen. Apre sa, mwen kase tèt tounen sou menm
chemen m' te pase a, mwen antre nan lavil la, nan pòtay
Ti-Fon an. **16** Pesonn nan chèf lavil yo pa t' konnen kote
m' te ale ni sa m' te al fè. Lè sa a, mwen pa t' ankò di jwif
yo anyen, ni prèt yo, ni chèf yo, ni majistra yo, ni ankenn
lòt moun ki te reskonsab travay reparasyon yo. **17** Men lè
sa a, mwen di yo: -Nou wè nan ki traka nou ye avèk lavil
Jerizalèm k'ap fin kraze nan men nou avèk pòtay boule li
yo. Vini non! Ann al rebati miray ranpa lavil la! Moun va
sispann fè nou wont. **18** Lè sa a, mwen fè yo konnen ki
jan Bondye te la avè m' pou pwoteje m' ak tou sa wa a
te di m'. Yo reponn: -Bon. Annavan! Ann al rebati! Epi
yo ranje kò yo pou mete men nan travay la. **19** Men, lè
Sanbala, moun lavil Bèt-Owon an, Tobija, moun Amon ki
t'ap travay nan gouvènman an, ak Gechèm, arab la, vin
pran nouvèl la, yo ri nou kont kò yo, epi yo pase nou nan

kont betiz yo. Yo di nou: -Sa n'ap fè la a, mesye? Apa
n'ap dezobeyi lòd wa a! 20 Mwen reponn, mwen di yo: -
Se Bondye nan syèl la k'ap fè nou reyisi nan sa nou vle fè
a. Nou menm ki sèvitè Bondye, nou pral konmanse rebati
l'. Men nou menm, moun lòt nasyon, nou pa gen ankenn
dwa sou lavil Jerizalèm. Nou pa gen anyen pou nou wè
nan sa. Pesonn pa janm nonmen non nou nan koze lavil
Jerizalèm.

3 Men ki jan yo rebati miray ranpa a. Elyachib, granprèt
la, ansanm ak prèt parèy li yo rebati Pòtay Mouton
yo. Yo fè sèvis pou mete l' apa pou Bondye, yo moute
batan yo. Apre sa, yo rebati miray la jouk Fò Meya ak
Fò Ananeyèl. 2 Moun lavil Jeriko yo rebati ti pòsyon
ki vin apre pa Elyachib, granprèt la. Zakòv, pitit gason
Imri a, rebati pòsyon ki vin apre pa moun Jeriko yo. 3
Moun branch fanmi Sena yo rebati Pòtay Pwason yo. Yo
plante gwo poto pòtay yo nan tè, yo moute batan yo, yo
mete kwòk ak gwo ba pou fèmen pòtay yo. 4 Meremòt,
pitit Ouri, pitit pitit Akòk la, repare pòsyon ki vin apre a.
Mechoulam, pitit gason Berekya a, pitit pitit Mechezabeyèl
la, rebati pòsyon ki vin apre a. Zadòk, pitit gason Bana
a, rebati pòsyon ki vin apre a. 5 Moun lavil Tekoa yo
rebati pòsyon ki vin apre a. Men, grannèg lavil Tekoa yo te
refize fè travay chèf la te ba yo fè a. 6 Jojada, pitit gason
Paseyak, ak Mechoulam, pitit gason Besodya a, travay
ansanm pou rebati Pòtay Ansyen an. Yo plante gwo poto
pòtay yo nan tè, yo moute batan yo, yo mete kwòk ak gwo
ba pou fèmen pòtay la. 7 Melatya, moun lavil Gabawon,
Jadon, moun lavil Mewonòt, avèk moun lavil Gabawon yo
ansanm ak moun lavil Mispa yo rebati pòtay miray ki vin
apre a, rive jouk bò kay gouvènè Pwovens lòt bò larivyè
Lefrat la. 8 Ouzyèl, pitit gason Araja, yon òfèv, te rebati
pòsyon ki vin apre a. Ananya, yon nonm ki konn fè odè,
te repare pòsyon ki vin apre a. Se konsa yo te ranfòse
ranpa lavil Jerizalèm lan jouk gwo miray laj la. 9 Refaja,
pitit gason Our la, chèf mwatye lavil Jerizalèm, te repare
pòsyon ki vin apre a. 10 Jedaya, pitit gason Awoumaf, te
rebati pòsyon miray ki devan lakay li a. Atouch, pitit gason
Achabneja a, rebati pòsyon ki vin apre a. 11 Malkija, pitit
gason Arim lan, ak Achoub, pitit gason Pakat Moab la, te
repare tou pòsyon ki vin apre a, jouk Fò Founacho a.
12 Chaloum, pitit gason Aloèch la, chèf lòt mwatye lavil
Jerizalèm la, te rebati pòsyon ki vin apre a. Pitit fi li yo te
ede l' nan travay la. 13 Anoun avèk moun ki rete lavil
Zanoak yo rebati Pòtay Ti-Fon an. Yo plante gwo poto
pòtay yo nan tè, yo moute batan yo, epi yo mete kwòk
ak gwo ba pou fèmen pòtay la. Epi yo repare yon bout
nan miray la ki te mezire milsenksan (1.500) pye longè
rive jouk bò Pòtay Depotwa a. 14 Se Malkija, pitit gason
Rekab la, chèf lavil Bèt akerèm lan, ki te rebati Pòtay
Depotwa a, li menm ansanm ak pitit gason l' yo. Yo plante
gwo poto pòtay yo nan tè, yo moute batan yo, epi yo mete
kwòk ak gwo ba pou fèmen pòtay la. 15 Se Chaloum, pitit
gason Koloze a, gouvènè lavil Mispa a, ki te rebati Pòtay
Fontenn lan. Li mete yon twati sou li, yo moute batan yo,
epi yo mete kwòk ak gwo ba pou fèmen pòtay la. Li refè
miray ki soti bò letan Chela a tou, toupre jaden wa a, rive
jouk bò macheskalye ki desann soti nan lavil David la. 16
Neemi, pitit Azbouk, chèf mwatye lavil Bèt-Sou a, te rebati
pòsyon ki vin apre a, rive bò tonm David la, bò sitèn dlo
a, ak bò kazèn Vanyan gason yo. 17 Men moun Levi ki
te ede rebati miray ranpa yo: Reyoum, pitit gason Bani
a, te rebati pòsyon ki vin apre pa Neemi an. Achabya,
chèf mwatye lavil Keyla a, rebati pòsyon ki vin apre a
pou tout moun ki sou bò pa l' nan lavil la. 18 Bavayi,
pitit gason Enadad, ki te chèf lòt mwatye lavil Keyla a, te
rebati pòsyon ki vin apre a. 19 Ezè, pitit gason Jechwa
a, chèf lavil Mispa, repare yon dezyèm lòt pòsyon ankò,
pòsyon ki vin apre a, anfas kote pou moute lasnal la, nan
direksyon kwen miray ranpa a. 20 Bawouk, pitit gason
Zabayi a, te repare pòsyon ki vin apre a, depi kwen an
rive devan pòt kay Elyachib, granprèt la. 21 Meremòt, pitit
gason Ouri a, pitit pitit gason Akòz, te rebati pòsyon ki vin
apre a, pran depi devan papòt kay Elyachib la rive jouk
nan dènye bout kay la. 22 Men non prèt ki te ede nan
rebati miray ranpa lavil Jerizalèm lan tou. Prèt ki rete nan
tout zòn bò lavil la rebati pòsyon miray ki vin apre kay
Elyachib la. 23 Benjamen ak Achoub te repare pòsyon
miray ki devan lakay yo a, pòsyon ki vin apre a. Azarya,
pitit gason Maseya a, pitit pitit gason Ananya a, te rebati
pòsyon miray ki vin apre a, devan lakay li a. 24 Bennwi,
pitit gason Enadad la, te repare yon lòt pòsyon ankò,
pòsyon ki vin apre a, depi bò kay Azarya a rive jouk nan
kwen an. 25 Palal, pitit gason Ouzayi a, te repare pòsyon
ki vin apre a. Li konmanse nan kwen an, li pran miray Fò
Palè Wa ki anwo nan lakou prizon an. Pedaja, pitit gason
Pareòch la, repare pòsyon ki vin apre a, 26 moute sou bò
solèy leve, rive anfas Pòtay Dlo yo, bò fò ki pwoteje Tanp
lan. (Tout moun k'ap travay nan tanp lan te rete nan zòn
Ofèl la.) 27 Moun lavil Tekoa yo te repare yon lòt pòsyon
ankò nan miray la, pòsyon ki vin apre a, anfas gwo fò ki
pwoteje tanp lan, rive toupre miray Ofèl la. 28 Yon gwoup
prèt te rebati pòsyon ki vin apre a, nan direksyon nò.
Chak moun te rebati pòsyon ki devan kay yo a. 29 Zadòk,
pitit Imè a, te repare pòsyon ki vin apre a, anfas lakay
li a. Chemaya, pitit Chekanya a, nonm ki te wachmann
Pòtay Solèy leve a, te rebati pòsyon ki vin apre a. 30
Ananya, pitit Chelemaya a, ak Anoun, sizyèm gason Zalaf
la, rebati pòsyon ki vin apre a. Se te dezyèm pòsyon yo te
repare. Mechoulam, pitit gason Berekya a, rebati pòsyon
ki te vin apre a, anfas lakay li a. 31 Malchiya, yon òfèv, te
repare pòsyon ki vin apre a, jouk kote travayè tanp yo ak
kòmèsan yo rete, anfas Pòtay Mifkad la ki bay sou tanp
lan, toupre pyès chanm ki anwo kwen sou bò miray la. 32
Efèv yo ak kòmèsan yo te rebati pòsyon miray ki soti bò
pyès chanm anwo kwen nò a rive Pòtay Mouton yo.

4 Lè Sanbala vin konnen nou menm jwif yo nou t'ap
rebati miray ranpa a, li fache, li move. 2 Li konmanse
pase nou nan betiz. Li t'ap di devan moun pa l' yo ak
devan sòlda lame peyi Samari a: -Kisa jwif yo konprann

y'ap fè la a? Yo ta renmen rebati lavil la. Yo konprann
avèk tout bèt y'ap ofri pou touye yo, nan yon jou yo pral
fini? Yo mete nan tèt yo avèk demoli ki fin tounen pousyè
ak sann dife yo ka fè wòch pou rebati lavil la. 3 Tobija,
moun peyi Amon an, te kanpe bò kote Sanbala. Li t'ap di:
-Anhan! Y'ap rebati! Kite yon chat mawon vole sou miray
wòch yo a, sa kont pou jete l' atè! 4 Lè sa a, mwen menm,
Neemi, mwen lapriyè Bondye. Mwen di l': -O Bondye papa
nou! Tande jan y'ap pase nou nan betiz! Sa yo ta renmen
wè rive nou an, se sa ki pou rive yo! Se yo ki pou wont!
Se pou lènmi vin fè yo prizonye epi pou li depòte yo tout
nan yon lòt peyi. 5 Pa padonnen sa yo fè ki mal. Pa
janm bliye peche yo fè a, paske yo t'ap pale moun ki t'ap
rebati lavil ou a mal. 6 Se konsa, nou t'ap rebati ranpa a.
Anvan lontan, ranpa a te gen tan rive nan mwatye wotè,
paske pèp la te soti pou l' te fè travay la. 7 Lè Sanbala
ak Tobija ansanm ak moun Arabi yo, moun Amon yo ak
moun Achdòd yo tande travay reparasyon miray ranpa
lavil Jerizalèm yo t'ap mache, epi twou ki te nan miray yo
te konmanse bouche, yo fè gwo kòlè, yo fache. 8 Yo mete
tèt yo ansanm pou yo vin atake lavil Jerizalèm, pou yo
bay pwoblèm. 9 Men, nou lapriyè Bondye nou an, epi nou
mete moun ap veye lajounen kou lannwit, pou pwoteje
nou. 10 Men, moun peyi Jida yo t'ap plede di: -Nou fin
fèb nan pote chay! Gen twòp vye ranblè pou n' netwaye!
Nou p'ap janm fin rebati miray sa a! 11 Lènmi nou yo
menm, bò pa yo, t'ap di: -San yo pa konnen, san yo pa
wè anyen, n'ap gen tan nan mitan yo. N'ap masakre yo,
n'ap fè travay la sispann. 12 Men, chak fwa lènmi nou yo
moute vin atake nou, jwif ki t'ap viv nan mitan yo te vin
avèti nou. Konsa konsa, an dis fwa. 13 Lè konsa, mwen
ranje pèp la dèyè ranpa a, chak fanmi apa, avèk nepe yo,
frenn yo ak banza yo. Mwen mete yo kote miray la pa t'
ankò fini an. 14 Lè m' wè pèp la te gen kè sote, mwen
leve, mwen pale ak chèf yo ak majistra yo ak tout rès pèp
la, mwen di yo: -Nou pa bezwen pè moun sa yo! Chonje
jan Seyè a gen pouvwa, jan li fè moun pè l'. Ann goumen
pou moun menm ras ak nou yo, pou pitit fi nou yo, pou
pitit gason nou yo, pou madanm nou yo ak kay nou yo. 15
Lè lènmi nou yo wè nou te konnen sa yo t'ap konplote a,
yo vin konprann Bondye te soti pou gate plan yo. Apre sa,
nou tounen al travay nan miray ranpa a, chak moun bò pa
yo. 16 Depi lè sa a, mwatye nan gason yo al nan travay,
lòt mwatye a t'ap veye avèk frenn yo, pwotèj pou bra yo,
banza yo ak gwo plak fè sou lestonmak yo pou pwoteje
yo. Tout chèf yo te la dèyè pèp Jida a 17 ki t'ap rebati
ranpa a. Tout moun ki t'ap bwote materyo te gen zam tou.
Yo t'ap travay ak yon men, nan lòt men an yo te kenbe
zam yo. 18 Moun ki t'ap travay yo menm te toujou gen
yon nepe pase nan ren yo. Nèg ki te konn kònen klewon
an te toujou bò kote m'. 19 Mwen di chèf yo, majistra
yo ansanm ak tout rès pèp la: -Chantye a se yon gwo
chantye. Travay la gaye, kifè nou yonn pa pre lòt sou
ranpa a. 20 Depi nou tande klewon an bay siyal la, n'a
kouri vin sanble bò kote m'. Bondye nou an va goumen
pou nou. 21 Se konsa, chak jou, depi bajou kase jouk
zetwal parèt nan syèl la, mwatye nan nou t'ap mennen
travay la sou ranpa a, lòt mwatye a t'ap veye avèk zam yo
nan men yo. 22 Nan menm epòk la, mwen pale ak pèp
la. Mwen di yo konsa: -Se pou tout moun rete pase nwit
lavil Jerizalèm ansanm ak domestik yo. Konsa, n'a pase
tout nwit la ap veye. Lajounen, n'a travay. 23 Se konsa,
lannwit, nou pa janm wete rad sou nou, ni mwen, ni frè
parèy mwen yo, ni domestik nou yo, ni gad kò m' yo. Nou
tout nou te gen zam nou bò kote nou.

5 Yon lè, moun pèp Izrayèl yo ansanm ak tout madanm
yo konmanse plenyen sou do kèk chèf jwif parèy yo. 2
Genyen ki t'ap di: Nou gen anpil moun nan fanmi nou,
anpil pitit gason ak anpil pitit fi. Nou bezwen manje pou
n' manje pou n' pa mouri grangou. 3 Gen lòt ki t'ap di:
Nou te gen yon sèl grangou ki t'ap bat nou, nou setoblije
pran potèk sou jaden nou, sou pye rezen nou yo, sou
kay nou pou n' ka jwenn manje pou n' manje. 4 Gen lòt
ankò ki t'ap di: Pou n' te ka peye taks kontribisyon pou wa
a, nou te setoblije prete lajan sou jaden ak pye rezen
nou yo. 5 Nou menm ras ak lòt jwif yo. Pitit nou yo pa pi
mal pase pa yo. Men, nou setoblije bay pitit fi nou ak pitit
gason nou yo sèvi domestik lakay yo. Nou menm rive
gen pitit fi nou k'ap fè restavèk! Nou pa ka fè anyen kont
sa, paske jaden nou yo ak pye rezen nou yo pa pou nou
ankò. 6 Lè mwen menm, Neemi, mwen tande tout plent
sa yo, tout pawòl sa yo, mwen te fache anpil. 7 Lè m' fin
kalkile bagay la byen nan kè m', mwen fè lide pa dòmi
sou sa. Mwen denonse chèf yo, grannèg yo ak majistra
yo. Mwen di yo se esplwate y'ap esplwate frè parèy yo.
Mwen fè reyini tout moun pou diskite pwoblèm lan. 8 Epi
mwen di: -Nou fè sa nou te kapab pou nou te rachte frè
jwif parèy nou yo ki te vann tèt yo bay moun lòt nasyon
pou sèvi yo esklav. Koulye a, se nou menm jwif k'ap fòse
jwif parèy nou vann tèt yo bay jwif parèy yo! Tout moun
rete bouch pe, yo pa t' gen anyen pou reponn nan sa. 9
Mwen di yo ankò: -Sa n'ap fè la a pa bon, tande! Se pou
n' mache avèk krentif pou Bondye, pou nou pa bay moun
lòt nasyon yo, lènmi nou yo, okazyon pase nou nan betiz.
10 Moun lakay mwen yo ansanm ak moun pa m' yo tou,
ak mwen menm tou, nou te prete yo lajan ak ble. Nou
p'ap mande yo pou yo renmèt nou sa yo dwe nou. 11
Renmèt yo jaden yo, pye rezen yo, pye oliv yo ak kay yo
touswit. Kite tou sa yo dwe nou pou yo, kit se lajan, kit
se ble, kit se diven, kit se lwil. 12 Chèf yo reponn: -Wi!
N'ap fè jan ou di l' la. N'ap renmèt yo tou sa yo te ban
nou kenbe pou dèt yo. Nou p'ap mande yo pou yo peye
nou sa yo dwe nou. Lè sa a, mwen fè rele prèt yo, epi
mwen fè chèf yo sèmante y'ap fè sa yo sot pwomèt la. 13
Apre sa, mwen pran ti sak ki te mare nan ren mwen an,
mwen vire l' tèt anba, mwen souke l', epi mwen di: -Se
pou Bondye pran nenpòt nan nou ki pa kenbe pwomès li,
pou l' souke l' konsa tou. Bondye ap pran kay li ak tout lòt
byen li genyen, l'ap kite l' san anyen. Tout moun ki te la yo

reponn: -Amèn! Se sa menm! Se sa menm! Apre sa, yo fè
lwanj Seyè a. Se konsa tout pèp la te kenbe pwomès yo
te fè a. 14 Pandan tout douzan mwen pase gouvènè nan
peyi Jida a, depi jou wa Atagzèsès te nonmen m' nan
pòs sa a, lè sa a li t'ap mache sou ventan depi li te wa,
rive sou tranndezan depi li t'ap gouvènen an, ni mwen ni
ankenn moun lakay mwen, nou pa janm manyen lajan yo
te dwe peye gouvènè a. 15 Gouvènè ki te la anvan m' yo
te konn ap peze pèp la: chak jou yo te konn pran karant
pyès an ajan pou pen ak diven. Ata moun ki t'ap travay
avèk yo te konn ap peze pèp la tou. Men mwen menm,
mwen pa t' fè sa, paske mwen te gen krentif Bondye. 16
Mwen te mete men nan travay ranpa a tankou tout moun,
mwen pa achte ankenn tè, epi tout moun ki t'ap travay avè
m' yo te la tou nan travay miray la. 17 Chak jou mwen te
gen sansenkant (150) moun ap manje sou menm tab avè
m' lakay mwen: se te chèf yo ak majistra yo, san konte
tout lòt moun ki te vin lakay mwen soti nan lòt peyi nan
vwazinaj la. 18 Chak jou mwen te fè yo kwit pou mwen
yon bèf, sis bon mouton byen gra ak anpil bèt volay. Se
mwen menm ki te peye pou tout bagay sa yo ak lajan
nan pòch mwen. Chak dis jou mwen fè yon pwovizyon
diven fre. Men, malgre sa, mwen pa janm mande pou yo
ban mwen sa pou yo bay gouvènè a pou manje l', paske
pèp la te gen kont chay sou do li deja. 19 Bondye mwen,
tanpri, pa bliye anyen nan tou sa mwen fè pou pèp sa a.
Make sa yon kote pou mwen!

6 Sanbala, Tobija, Gechèm, moun peyi Arabi a, ansanm
ak tout rès lènmi nou yo vin konnen nou te fin rebati
miray la. Pa t' gen ankenn twou ladan l' ankò. Men lè sa a,
nou pa t' ankò moute gwo batan pòtay yo. 2 Sanbala ak
Gechèm voye yon mesaje vin di m' yo ta renmen kontre
avè m' lavil Akkefirim, nan Fon Ono a. Men yo menm, yo
t'ap chache yon jan pou yo fè m' mal. 3 Se konsa mwen
voye mesaje bò kote yo avèk repons sa a: -M' okipe ak
yon travay enpòtan, m' pa ka desann. Si m' kite travay la
pou m' ale kote nou, li pral sispann. 4 An kat fwa, yo voye
fè m' menm envitasyon an. Chak fwa, mwen voye menm
repons lan ba yo. 5 Lè sa a, Sanbala voye yon senkyèm
mesaj ban mwen. Men fwa sa a, li renmèt yon lèt nan yon
anvlòp tou louvri bay yonn nan moun k'ap sèvi l' yo pou
mwen. 6 Men sa ki te nan lèt la: Gen yon sèl bri k'ap
kouri nan mitan moun lòt nasyon yo: Se Gechèm ki di m'
sa. Li tande l' ak de zòrèy li. Ou menm ak pèp jwif la,
nou fè lide pran lezam. Se poutèt sa n'ap rebati ranpa
a. Yo di se ou menm y'a nonmen wa yo. 7 Ou menm
rive ranje ak kèk pwofèt pou yo mache fè konnen nan
tout lavil Jerizalèm se ou menm ki wa peyi Jida a. Koulye
a, tout bri sa yo pral rive nan zòrèy wa a. Se poutèt sa,
mwen mande ou pou ou vin kote m' pou nou fè yon ti pale
ansanm sou koze a. 8 Mwen voye reponn li: -Tou sa ou
di la a se manti. Se ou menm menm ki fè koze a. 9 Yo
t'ap chache kraponnen nou pou rete travay la. Yo t'ap
di nan kè yo: Talè konsa y'a dekouraje avèk travay la,
li p'ap janm fini. Aa, Bondye! Ban m' fòs non! Fè m' pa
dekouraje! 10 Yon lòt jou ankò, m' te al wè Chemaja, pitit
gason Delaja, pitit pitit Metabeyèl, lakay li, paske li menm
li pa t' ka soti. Li di m' konsa: -Ann al nan tanp Bondye a,
nan mitan kote yo mete apa pou Bondye a! Ann al kache
kote yo mete apa pou Bondye a! N'a fèmen tout pòt yo
byen fèmen, paske y'ap vin touye ou. Wi, aswè a menm,
y'ap vin touye ou! 11 Mwen reponn li: -Se pa mwen ki pou
kouri al kache. Epitou, yon moun tankou mwen pa pral
kache nan tanp lan pou m' sove lavi m'. Non! Mwen pa
prale! 12 Lè m' kalkile, mwen wè se pa t' Bondye ki te ba
l' mesaj sa a pou mwen. Se Tobija ak Sanbala ki te peye l'
pou l' te di m' sa. 13 Konsa, mwen ta pran nan kraponnay,
mwen ta fè sa l' di m' fè a, epi mwen ta fè bagay mwen pa
gen dwa fè. Yo menm, lè sa a, yo ta pran sa pou pale m'
mal, yo ta fè m' wont. 14 O Bondye mwen, pa bliye sa
Tobija ak Sanbala te fè! Pa bliye Nadya, fanm ki pwofèt
la, ansanm ak lòt pwofèt yo ki t'ap chache kraponnen m'!
15 Se konsa, apre senkannde jou travay, ranpa a te fin
repare. Lè sa a, nou te rive sou vennsenkyèm jou nan
mwa Eloul la. 16 Lè lènmi nou yo vin konn sa, lè moun lòt
nasyon k'ap viv nan vwazinaj nou yo wè sa, yo te wont.
Yo rekonèt si travay la te fini se paske Bondye nou an te
vle l'. 17 Pandan tout tan sa a, chèf peyi Jida yo te kenbe
kontak ak Tobija. Yonn t'ap voye lèt bay lòt. 18 Te gen
anpil moun nan peyi Jida a ki te pou Tobija paske se bofis
Chekanya, pitit Arak la, li te ye. Lèfini Jokanan, pitit gason
li a, te marye ak pitit fi Mechoulam, pitit Berekya a. 19 Yo
te konn ap fè lwanj Tobija devan m', yo t'ap di tout bèl
bagay Tobija te fè. Epi apre sa, y' al rapòte l' tou sa m' te
di. Tobija menm t'ap voye lèt ban mwen pou kraponnen
m'.

7 Lè nou te fin rebati miray la, nou moute gwo batan
pòtay yo. Nou bay gad tanp yo, moun k'ap chante yo
ak moun Levi yo travay yo gen pou yo fè. 2 Mwen mete
de moun reskonsab pou gouvènen lavil Jerizalèm lan.
Se te Anani, frè mwen an, ak Ananya, kòmandan gwo
fò a. Ananya sa a te yon nonm serye ki te gen krentif
pou Bondye. Pa t' gen tankou l'. 3 Mwen di yo pa kite
yo louvri pòtay lavil Jerizalèm yo nan maten toutotan
solèy la pa konmanse cho. Konsa tou, aswè se devan
yo pou yo fè fèmen batan pòtay yo epi pou yo mete
ba yo dèyè pòtay yo anvan gad yo leve pòs le solèy
pral kouche. Y'a chwazi kèk moun nan moun ki rete lavil
Jerizalèm yo, yon seri pou fè pòs sou miray la, yon lòt
pou fè patwouy bò lakay yo. 4 Lavil la te gran anpil, te
gen anpil espas, men pa t' gen anpil moun ki t'ap viv
ladan l'. Yo pa t' ankò rebati anpil kay. 5 Bondye mete
nan tèt mwen lide pou m' sanble tout pèp la ak chèf yo,
majistra yo, pou m' fè yon resansman, fanmi pa fanmi.
N' al tonbe sou ansyen rejis resansman premye moun
ki te tounen nan peyi a. Nan rejis sa a m' te jwenn 6
lis moun ki te kite pwovens Babilòn pou yo tounen lavil
Jerizalèm ak nan peyi Jida, chak moun nan lavil kote yo te
moun. Se moun sa yo wa Nèbikadneza te fè depòte nan

peyi Babilòn. **7** Men non chèf ki te vin ak yo: Zowobabèl, Jozye, Neemi, Azarya, Ramiya, Nachamani, Madoche, Bilchan, Misperèt, Bigwayi, Nawoum ak Bana. Men lis moun nan pèp Izrayèl la, fanmi pa fanmi, ak kantite moun nan chak branch fanmi: **8** Nan fanmi Pareòch yo, demil sanswasanndouz (2.172) moun, **9** nan fanmi Chefatya yo, twasanswasanndouz (372) moun, **10** nan fanmi Arak yo, sisansenkannde (652) moun, **11** nan fanmi Pakat Moab yo, pitit pitit Jechwa ak Joab, demil wisandiswit (2.818) moun, **12** nan fanmi Elam yo, mil desansenkannkat (1254) moun, **13** nan fanmi Zatou yo, witsankarannsenk (845) moun, **14** nan fanmi Zakayi yo, sètsansousant (760) moun, **15** nan fanmi Bennwi yo, sisankaranntwit (648) moun, **16** nan fanmi Bebayi yo, sisanvenntwit (628) moun, **17** nan fanmi Azgad yo, demil twasanvennde (2.322) moun, **18** nan fanmi Adonikan yo, sisanswasannsèt (667) moun, **19** nan fanmi Bigwayi yo, demil swasannsèt (2.067) moun, **20** nan fanmi Aden yo, sisansenkannsenk (655) moun, **21** nan fanmi Atè yo, katrevendizwit moun, (Anvan sa, Atè te rele Ezekyas) **22** nan fanmi Achoum yo, twasanvenntwit (328) moun, **23** nan fanmi Betsayi yo, twasanvennkat (324) moun, **24** nan fanmi Arif yo, sandouz (112) moun, **25** nan fanmi Gabawon yo, katrevenkenz moun. **26** Men lis moun ki te tounen dapre non lavil kote yo moun: Pou lavil Betleyèm ak pou lavil Netofa, sankatreventwit (188) moun, **27** pou lavil Anatòt, sanvenntwit (128) moun, **28** pou lavil Azmavèt, karannde moun, **29** pou lavil Kiriyat-Jearim, lavil Kefira ak lavil Bewòt, sètsankaranntwa (743) moun, **30** pou lavil Rama ak pou lavil Geba, sisanventeyen (621) moun, **31** pou lavil Mikmas, sanvennde (122) moun, **32** pou lavil Betèl ak pou lavil Ayi, sanvenntwa (123) moun, **33** pou lavil Neba, senkannde moun, **34** pou lòt lavil Elam lan, mil desansenkannkat (1.254) moun, **35** pou lavil Arim lan, twasanven (320) moun, **36** pou lavil Jeriko yo, twasankarannsenk (345) moun, **37** pou lavil Lòd ansanm ak pou lavil Adid ak Ono, sètsanventeyen (721) moun, **38** pou lavil Sena, twamil nèfsantrant (3.930) moun. **39** Men lis prèt ki te tounen, dapre non fanmi yo: Nan pitit Jedaja ki te soti nan branch fanmi Jozye a, nèfsanswasanntrèz (973) moun, **40** nan pitit Imè yo, mil senkannde (1.052) moun, **41** nan pitit Pachou yo, mil desankarannsèt (1.247) moun, **42** nan pitit Arim yo, mil disèt (1.017) moun. **43** Men lis moun Levi ki te tounen yo: Te gen swasannkatòz moun nan pitit Jechwa ak pitit Kadmyèl ki soti nan branch fanmi Odva a. **44** Te gen sankarantwit (148) sanba, moun ki konn chante ak moun ki konn fè mizik nan tanp lan, epi ki soti nan branch fanmi Asaf la. **45** Te gen santranntwit (138) moun ki pou sèvi gad nan pòtay tanp lan epi ki soti nan branch fanmi Chaloum, branch fanmi Atè, branch fanmi Talmon, branch fanmi Akoub, branch fanmi Atita ak branch fanmi Chobayi. **46** Men lis moun yo te bay pou travay nan tanp Bondye a, epi ki te tounen nan peyi a. Se moun fanmi Zika, moun fanmi Asoufa ak moun fanmi Tabayòt, **47** moun fanmi Kewòs, moun fanmi Sya ak moun fanmi Padon, **48** moun fanmi Lebana, moun fanmi Agaba ak moun fanmi Samayi, **49** moun fanmi Anan, moun fanmi Gidèl ak moun fanmi Gaka, **50** moun fanmi Reaja, moun fanmi Rezin ak moun fanmi Nekoda, **51** moun fanmi Gazam, moun fanmi Ouza ak moun fanmi Paseyak, **52** moun fanmi Besayi, moun fanmi Meounim ak moun fanmi Nefichim, **53** moun fanmi Bakbouk, moun fanmi Akoufa ak moun fanmi Awou, **54** moun fanmi Baslou, moun fanmi Mechida ak moun fanmi Acha, **55** moun fanmi Bakòs, moun fanmi Sisera ak moun fanmi Tamak, **56** moun fanmi Nezyak ak moun fanmi Atifa. **57** Men lis non moun nan branch fanmi domestik Salomon yo ki te tounen nan peyi a: Moun fanmi Sotayi, moun fanmi Asoferèt ak moun fanmi Perida, **58** moun fanmi Jaala, moun fanmi Dakon ak moun fanmi Gidèl, **59** moun fanmi Chefatya, moun fanmi Atil, moun fanmi Pokerèt, moun fanmi Azebayim ak moun fanmi Amon. **60** Konsa, men kantite moun ki soti nan fanmi travayè tanp lan ak domestik Salomon yo: antou twasankatrevendouz (392). **61** Men te gen yon seri moun ki soti nan lavil Tèl Melak, lavil Tèl Acha, lavil Kewoub Adan, ak lavil Imè nan peyi Babilòn epi ki te moute ak tout moun sa yo, atout yo pa t' ka rive fè konnen non zansèt yo ak non fanmi yo pou yo te ka fè wè yo fè pati pèp Izrayèl la vre. **62** Se te pitit Delaja, Tobija ak Nekoda: antou sisankarannde (642). **63** Konsa tou, pami prèt yo te gen moun fanmi Obaja, Akòs ak Bazilayi. Zansèt moun Bazilayi sa yo te marye ak yon fanm nan fanmi Bazilayi, moun Galarad. Se konsa yo te pran non papa manman yo. **64** Moun sa yo pa t' ka jwenn rejis pou moutre ki moun ki zansèt yo. Konsa yo pa t' asepte yo pou prèt. **65** Gouvènè jwif la te di yo yo pa t' kapab manje nan manje yo mete apa pou Bondye a toutotan pa t' gen prèt ki konn sèvi ak Ourim yo ansanm ak Tourim yo pou wè sa Bondye di nan sa. **66** Antou nèt, te gen karanndemil twasanswasant (42.360) moun ki tounen soti nan peyi kote yo te depòte yo a. **67** Avèk yo te gen sètmil twasantrannsèt (7.337) gason ak fanm ki te sèvi yo domestik. Te gen tou desan (200) gason ak fanm ki te konn fè mizik ak konn chante. **68** Te gen sètsanswasannsis (766) chwal, desankarannsenk (245) milèt, **69** katsantrannsenk (435) chamo ak simil sètsanven (6.720) bourik. **70** Te gen kèk chèf ki te fè ofrann pa yo pou travay la san pesonn pa fòse yo. Gouvènè a te bay pou mete nan kès la desanswasanndis (270) ons lò, senkant gwo plat pou sèvis, senksantrant (530) rad pou prèt yo mete sou yo ak onzmil sisankatreventrèz (11.693) ons ajan. **71** Chèf fanmi yo te bay pou mete nan kès la pou fè travay la: senkmil katsan (5.400) ons lò ak senkanteyenmil katsansenkant (51.450) ons ajan. **72** Rès moun pèp la te fè anpil kado tou. Antou, yo te bay senkmil katsan (5.400) ons lò, karannsimil sètsanswasanndis (46.770) ons ajan ak swasannsèt rad pou prèt yo. **73** Prèt yo, moun Levi yo, gad pòtay tanp yo, mizisyen yo ak anpil nan moun pèp Izrayèl yo ansanm ak travayè tanp yo, wi tout pèp Izrayèl la al rete nan lavil kote yo moun.

8 Lè setyèm mwa lanne jwif yo rive, tout moun pèp
Izrayèl yo te chita lakay yo nan lavil yo. Lè sa a, yo tout
nèt, yo te sanble sou plas piblik ki devan pòtay Dlo yo. Yo
mande Esdras, direktè lalwa a, pou li pote liv lalwa Seyè a
te bay Moyiz pou pèp Izrayèl la. **2** Esdras, prèt la, pran liv
la, li pote l' kote tout moun yo te reyini an: fanm, gason ak
tout timoun ki te gen laj konprann. Se te premye jou nan
setyèm mwa a. **3** Se konsa, sou plas ki devan pòtay Dlo
yo, Esdras li nan liv lalwa a pou yo, depi granmaten jouk
rive midi. Tout pèp la, fanm, gason ak tout timoun ki te
gen laj konprann, te louvri zòrèy yo pou yo tande sa ki te
nan liv lalwa a. **4** Esdras, direktè lalwa a, te kanpe sou
yon lestrad an bwa yo te bati espre pou sa. Sou bò dwat
li, te gen Matitya, Chema, Anaja, Ourija, Ilkija ak Maseja.
Sou bò gòch li, te gen Pedaja, Mikayèl, Malkija, Achoum,
Achbadana, Zakarya ak Mechoulam. **5** Kote Esdras te
kanpe byen wo sou lestrad la, li louvri liv la devan tout
moun. Lè sa a, tout pèp la leve kanpe. **6** Esdras di: -
Lwanj pou Seyè a, Bondye ki gen pouvwa a. Tout pèp la
leve men yo anlè, yo reponn: -Amèn! Li merite sa vre!
Lèfini, yo mete ajenou, yo bese tèt yo jouk atè devan
Seyè a. **7** Apre sa, pèp la leve kanpe epi kèk moun Levi
pran esplike yo lalwa a. Se te Jechwa, Bani, Cherebya,
Jamen, Akoub, Chabetayi, Odija, Maseja, Kelita, Azarya,
Jozabab, Anan, Pelaja. **8** Yo t'ap li nan liv lalwa Bondye a,
yo t'ap tradwi l' pou yo, yo t'ap esplike l' ba yo, pou yo te
ka konprann sa yo t'ap li pou yo a. **9** Lè pèp la tande sa
ki te ekri nan liv lalwa a, yo pran kriye. Lè sa a, Neemi,
gouvènè a, ansanm ak Esdras, prèt direktè lalwa a, ak lòt
moun Levi yo ki t'ap esplike lalwa a di moun yo konsa: -
Jou sa a, se yon jou yo mete apa pou Seyè a, Bondye
nou an! Pa kite lapenn anvayi kè nou! Pa kriye, mezanmi!
10 Okontrè, al lakay nou, fè fèt! Separe vyann gra ak bon
ti likè nou genyen ak moun ki pa genyen, paske jou sa
a se yon jou nou fèt pou mete apa pou Seyè a. Pa kite
lapenn pran nou! Kontantman Bondye ap mete nan kè
nou an va ban nou fòs! **11** Tout moun Levi yo pran mache
nan mitan tout pèp la pou fè yo pe. Yo t'ap di yo: -Pe
bouch nou, mezanmi! Siye dlo nan je nou! Jou sa a se
yon jou apa pou Bondye li ye! **12** Se konsa tout pèp la al
lakay yo, yo manje, yo bwè, yo separe sa yo genyen ak
lòt moun. Tout moun te kontan, yo t'ap fè fèt, paske yo te
konprann sa yo te li pou yo nan liv la. **13** Nan denmen,
tout chèf branch fanmi pèp Izrayèl yo, prèt yo ak moun
Levi yo sanble ankò bò direktè Esdras pou yo te ka etidye
pawòl lalwa a. **14** Men sa yo jwenn nan lalwa Seyè a te
bay Moyiz pou yo a: Pandan y'ap fete fèt setyèm mwa a,
moun Izrayèl yo va rete nan ti joupa. **15** Lè yo vin konn
sa, yo voye fè piblikasyon nan lavil Jerizalèm ak nan tout
lavil yo. Yo voye mesaj sa a bay tout moun: -Ale nan mòn.
Koupe branch nan pye oliv, nan pye pichpen, nan pye
pwadous, ak nan tout lòt kalite pyebwa ansanm ak fèy
palmis pou nou fè ti joupa jan sa ekri nan liv la. **16** Se
konsa, pèp la ale, yo ranmase kont branch bwa yo, epi yo
moute yon pakèt ti joupa. Genyen ki bati ti joupa yo sou
teras anwo tèt kay yo. Genyen ki fè l' nan lakou lakay
yo. Gen lòt ankò ki bati pa yo nan gwo lakou Tanp lan,
sou plas piblik ki bò pòtay Dlo yo ak sou plas ki bò pòtay
Efrayim lan. **17** Se konsa, tout moun ki te tounen nan peyi
kote yo te depòte yo a moute ti joupa epi yo rete anba
yo. Depi sou rèy Jozye, pitit Noun lan, se te premye fwa
moun pèp Izrayèl yo t'ap fete fèt sa a konsa. Tout moun te
kontan. Yo t'ap fete. **18** Yo pase sèt jou ap fete. Chak jou,
depi premye jou a jouk dènye jou a, yo t'ap li nan liv lalwa
Bondye a. Sou wityèm jou a, yo fè yon gwo reyinyon pou
fèmen fèt la jan regleman an mande l' la.

9 Sou vennkatriyèm jou nan menm mwa a, tout moun
pèp Izrayèl yo reyini pou fè jèn pou mande Bondye
padon pou peche yo. Tout moun te la, yon rad sak kòlèt
sou yo, pousyè tè kouvri tout tèt yo pou fè wè jan yo te nan
lapenn. **2** Tout moun pèp Izrayèl yo mete kò yo ansanm.
Yo pa kite ankenn moun lòt nasyon mele ak yo. Epi se
konsa yo kanpe, yo konmanse di tou sa yo menm yo fè ki
mal ansanm ak tout peche zansèt yo te fè. **3** Pandan
twazè, yo tout rete kanpe kote yo te ye a, y'ap tande
moun ap li nan liv lalwa Seyè a, Bondye yo a. Apre sa,
pandan twazè ankò, yo t'ap di tout peche yo te fè, epi yo
tonbe ajenou ap adore Seyè a, Bondye a. **4** Yo te moute
yon lestrad pou moun Levi yo. Men moun ki te kanpe sou
lestrad la: Se te Jozye, Bani, Kadmyèl, Chebanya, Bouni,
Cherebya, Bani ak Kenani. Yo t'ap lapriyè byen fò nan pye
Bondye. **5** Apre sa, moun Levi sa yo: Jozye, Kadmyèl,
Bani, Achabnya, Cherebya, Odija, Chebanya ak Petaja
pran lapawòl. Yo di: -Leve non, mezanmi! Fè lwanj Seyè
a, Bondye nou an, pou toutan toutan! Se pou nou tout fè
lwanj non li ki gen pouvwa, malgre moun p'ap janm ka
rive fin di li mèsi ni fè lwanj li jan li merite l' la. **6** Seyè, se
ou menm ki sèl mèt. Pa gen lòt. Se ou ki fè syèl la, sa ki
anwo syèl la ansanm ak tout sa ki ladan l'. Se ou ki fè tè a
ak tou sa ki sou li, lanmè a ak tou sa ki ladan l'. Se ou ki
bay tout bagay sa yo lavi. Tout pouvwa nan syèl la bese
tèt devan ou pou adore ou. **7** Seyè, se ou menm Bondye
ki te chwazi Abram, ki te fè l' kite lavil Our nan peyi Kalde.
Ou chanje non l', ou rele l' Abraram. **8** Lè ou wè li te soti
pou l' kenbe pawòl li ak ou, ou pase yon kontra avè l'. Ou
pwomèt w'ap ba li peyi moun Kanaran yo, peyi moun Et
yo ak peyi moun Amori yo, peyi moun Ferezi yo, peyi
moun Jebis yo ak peyi moun Gigach yo pou li ak pou pitit
pitit li yo. Ou te kenbe pwomès ou yo paske ou pa janm
nan bay manti. **9** Ou te wè jan zansèt nou yo t'ap soufri
nan peyi Lejip. Ou te tande jan yo t'ap rele mande sekou
bò lanmè Wouj la. **10** Ou te fè anpil mirak ak mèvèy pou
pini farawon an, moun ki t'ap sèvi l' yo ansanm ak tout
pèp peyi Lejip la paske ou te konnen jan moun sa yo t'ap
maltrete pèp ou a. Depi lè sa a, y'ap nonmen nou ou jouk
jòdi a. **11** Ou louvri yon chemen nan lanmè a pou pèp la
pase san pye yo pa mouye. Moun ki t'ap pousib yo, ou
neye yo nan fon lanmè. Yo fè fon tankou wòch nan gwo
lanmè. **12** Lajounen se avèk yon gwo nwaj ou moutre
yo chemen pou yo pran. Lannwit, avèk yon flanm dife,

ou klere chemen kote pou yo pase. **13** Ou soti nan syèl
la, ou desann sou mòn Sinayi a pou pale ak yo. Ou ba
yo regleman ki pou fè yo mache dwat, lwa ki gen verite
ladan l'. Ou ba yo bon prensip ak bon kòmandman. **14** Ou
moutre yo pou yo mete jou repo a apa pou ou. Ou voye
Moyiz, sèvitè ou la, pou li ba yo tout kòmandman, tout lòd
ak lalwa ou mande pou yo swiv. **15** Lè yo te grangou, ou
ba yo pen ki soti nan syèl la. Lè yo te swaf dlo, ou fè dlo
pete soti nan wòch. Ou ba yo lòd pou y' al pran pou yo
peyi ou te pwomèt ou t'ap ba yo a. **16** Men, zansèt nou
yo kite lògèy vire lòlòj yo. Yo fè tèt di, yo derefize obeyi
lòd ou te ba yo. **17** Yo refize obeyi ou, yo bliye tout bèl
mèvèy ou te fè pou yo. Yo fè tèt di, yo chwazi yon chèf
pou mennen yo tounen nan esklavaj peyi Lejip la. Men,
ou se Bondye ki konn padonnen. Ou gen pitye, ou gen
bon kè. Ou pa fè kòlè fasil, Ou pa t' janm sispann renmen
yo. Ou pa t' lage yo. **18** Yo fonn metal, yo fè yon zidòl fòm
yon ti towo bèf. Epi yo di se li menm ki bondye yo, bondye
ki te fè yo moute soti kite peyi Lejip. Lè sa a, se pi gwo
jouman yo ta ka fè ou! **19** Men, ou pa vire do ou kite yo
nan dezè a, sitèlman ou te gen anpil pitye pou yo. Ou
pa t' wete nwaj ki t'ap moutre yo chemen pou yo pran
lajounen, ni gwo flanm dife ki t'ap klere chemen pou yo te
pran lannwit. **20** Ou pran ti gout nan lespri ou, ou ba yo
pou yo ka gen konprann. Ou toujou ba yo laman pou yo
manje, ou toujou ba yo dlo lè yo te swaf dlo. **21** Pandan
karantan, ou pran swen yo nan dezè a: yo pa janm manke
anyen! Rad sou yo pa janm fini, pye yo pa janm anfle.
22 Ou lage nan men yo peyi anpil wa ak anpil pèp. Ou
separe l' ba yo pou chak moun viv nan limit ou ba yo. Yo
pran peyi Esbon, kote wa Siyon t'ap gouvènen an, ak
peyi Bazan kote wa Og te chèf la. **23** Ou ba yo anpil pitit,
menm kantite ak zetwal nan syèl la. Ou mennen yo nan
peyi ou te pwomèt zansèt yo ou t'ap fè yo pran pou yo a.
24 Yo anvayi peyi Kanaran, yo pran l' pou yo. Ou fè moun
peyi Kanaran an bese tèt devan yo. Ou lage tout wa yo ak
tout pèp ki t'ap viv nan peyi a nan men pèp ou a, pou yo
te fè ak yo sa yo te vle. **25** Pèp ou a mache pran tout lavil
ki te gen gwo fò pou defann yo, ak tout bon venn tè moun
yo. Yo pran tout kay yo ansanm ak tout byen ki te ladan
yo. Yo jwenn sitèn tou fouye, jaden rezen, jaden oliv ak
pyebwa k'ap donnen an kantite. Yo manje, yo plen vant
yo, yo vin gra. Yo pran plezi jwi tout kantite bèl bagay
ou te ba yo. **26** Men, yo rete konsa, yo vire do ba ou,
yo fè wondonmon. Yo pran lalwa ou la, yo voye l' jete
dèyè do yo. Yo touye pwofèt ou te voye ak mesaj pou ba
yo avètisman pou yo te ka tounen vin jwenn ou. Se pa
ti kras manke yo te manke ou dega! **27** Se konsa, ou
lage yo nan men moun ki pa vle we yo, ki bat yo nan
lagè, ki mete pye sou kou yo. Nan tray yo te ye a, yo rele
mande ou sekou. Ou rete nan syèl la, ou reponn yo. Ou
te gen pitye pou yo, ou voye chèf pou delivre yo anba
men moun ki t'ap peze yo. **28** Men, kou ou ba yo yon ti
souf, yo konmanse ap fè sa ki mal ankò devan ou. Ou
lage yo nan men lènmi ki t'ap kraze yo. Lè sa a ankò, yo
pran rele nan pye ou. Ou menm menm, ou rete nan syèl
la, ou reponn yo. Ou sitèlman gen bon kè, se pa ni de ni
twa fwa ou delivre yo. **29** Ou te avèti yo, ou te mande yo
pou yo obeyi tout lòd ou yo. Men, lògèy vire lòlòj yo, yo
refize swiv kòmandman ou yo. Yo fè bagay ki pa dakò ak
lòd ou ba yo. Epi se lè yon moun swiv lòd ou yo, li jwenn
lavi! Men, yo fè wòklò, yo fè tèt di, yo derefize obeyi ou.
30 Pandan lontan lontan, ou pran pasyans ak yo, ou voye
lespri ou sou pwofèt ou yo pou avèti yo. Men, yo bouche
zòrèy yo pou yo pa tande. Lè sa a, ou lage yo nan men
moun lòt nasyon yo. **31** Men, ou sitèlman gen bon kè, ou
pa fin detwi yo nèt, ou pa lage yo nèt ale. Paske ou se
yon Bondye ki gen bon kè, yon Bondye ki gen pitye pou
moun! **32** Koulye a, Bondye nou, ou se yon Bondye ki gen
pouvwa, yon Bondye ki gen fòs kouraj, yon Bondye ki fè
moun respekte l'. W'ap toujou kenbe kontra ou te pase a,
ou p'ap janm sispann gen bon kè. Tanpri, chonje lafliksyon
ki te tonbe sou nou tout, sou wa nou yo, sou chèf nou yo,
sou prèt nou yo, sou pwofèt nou yo, sou zansèt nou yo ak
sou tout pèp la, depi lè wa peyi Lasiri yo t'ap peze nou an
rive jouk koulye a. Pa kite nou soufri tou sa pou gremesi.
33 Nan tou sa ki rive nou an, ou te gen rezon ou nan pla
men ou. Paske, ou menm ou toujou kenbe pawòl ou. Se
nou menm ki toujou ap fè sa ki mal. **34** Wi, wa nou yo,
chèf nou yo, prèt nou yo ak zansèt nou yo pa t' fè sa ki
nan lalwa ou la. Yo pa t' koute kòmandman ak avètisman
ou te ba yo. **35** Lè yo t'ap viv nan peyi yo a avèk pwòp wa
yo, avèk tout gwo benediksyon ou te ba yo, nan gwo peyi
plen bon venn tè ou te mete nan men yo a, yo pa t' sèvi
ou, yo pa t' sispann fè move bagay. **36** Jòdi a, nou tounen
esklav nan pwòp peyi nou, nan peyi ou te bay zansèt nou
yo, pou yo te ka pwofite rekòt tè a bay ak tout lòt riches ki
ladan l'. Nou tounen esklav lakay nou! **37** Tout rekòt peyi
a al nan pòch wa ou mete sou kou nou. Tou sa, paske
nou te fè peche. Yo fè sa yo vle ak nou ansanm ak bèt
nou yo. Aa! Gade nan ki mizè nou ye non! **38** Avèk tout
bagay sa yo ki rive nou, jòdi a nou menm pèp Izrayèl la,
n'ap pran yon angajman, n'ap kouche l' sou papye. Epi
tout chèf nou yo, tout moun Levi nou yo ak tout prèt nou
yo pral siyen dokiman an anvan nou mete so sou li.

10 Premye moun ki siyen dokiman sele a se te gouvènè
Neemi, pitit gason Akalya a. Apre li, Sidkiya vin
siyen. **2** Men non pret ki te siyen dokiman an: Seraja,
Azarya, Jiremeja, **3** Pachou, Amarya, Malkija, **4** Atouch,
Chebanya, Malouk, **5** Arim, Meremòt, Obadya, **6** Danyèl,
Gineton, Bawouk, **7** Mechoulam, Abija, Mijamen, **8**
Maazya, Bilgayi ak Chemaja. **9** Apre yo vin moun Levi yo:
Jozye, pitit gason Azanya, Bennwi, moun fanmi Enadad
la, Kadmyèl, **10** ak lòt moun Levi parèy yo: Chekanya,
Odija, Kelita, Pelaja, Anan, **11** Miche, Reyòb, Achabya, **12**
Zakou, Cherebya, Chebanya, **13** Odija, Bani ak Kenani.
14 Apre yo se te chèf pèp la: Pareòch, Pakat Moab, Elam,
Zatou, Bani, **15** Bouni, Azgad, Bebayi, **16** Adonija, Bigvayi,
Adin, **17** Atè, Ezekyas. Azou, **18** Odija, Achoum, Betsayi,

19 Arif, Anatòt, Nebayi, 20 Magpyach, Mechoulam, Ezi,
21 Michezabèl, Tsadòk, Yadwa, 22 Pelatya, Anan, Anaja,
23 Oze, Ananya, Achoub, 24 Alochèch, Pilba, Chobèk, 25
Reyoum, Achabna, Maseja, 26 Akija, Ranan, Anan, 27
Malouk, Arim ak Bana. 28 Nou menm, moun pèp Izrayèl
la, prèt yo, ak moun Levi yo, gad pòtay tanp yo, mizisyen
tanp yo, travayè tanp yo, ak tout lòt moun yo ki te wete kò
yo nan mitan moun lòt nasyon k'ap viv nan peyi a pou
nou ka fè sa lalwa Bondye a mande nou an, ansanm ak
madanm nou yo, pitit gason ak pitit fi nou yo ki gen laj
konprann, 29 nou mete tèt nou ansanm ak frè nou yo
ki chèf nan mitan nou, nou fè sèman pou nenpòt bagay
rive nou si nou pa kenbe pwomès n'ap fè la a. Nou pran
angajman n'ap mache dapre lalwa Bondye te bay Moyiz,
sèvitè l' la, pou nou. Nou pran angajman n'ap obeyi tou
sa Seyè a, Bondye nou an, kòmande nou pou nou swiv
ansanm ak tout regleman ak tout lòd li ban nou yo. 30
Nou pran angajman espesyalman pou nou pa marye pitit
fi nou ak lòt moun k'ap viv nan peyi a, epi pou nou pa
chwazi pitit fi moun sa yo pou marye ak pitit gason nou
yo. 31 Si moun sa yo pote machandiz osinon nenpòt
pwovizyon vin vann nou jou repo a, nou p'ap achte anyen
nan men yo jou sa a. Se menm bagay la tou si se yon jou
fèt pou Seyè a. Chak sètan, n'a kite jaden nou yo poze,
epi tout moun ki dwe nou, n'a kite dèt la pou yo. 32 Men
lòt obligasyon nou bay tèt nou ankò: Chak lanne, chak
moun ap bay yon demi ka ons ajan pou depans y'ap fè
pou sèvis Bondye nou an nan tanp lan. 33 N'a bay tou
pen pou yo mete apa pou Bondye yo, ofrann grenn pou
chak jou yo, bèt pou yo boule chak jou pou Bondye yo,
ofrann pou jou repo yo, pou fèt lalin nouvèl yo, ak pou
lòt gwo fèt yo, manje pou yo mete apa pou Bondye yo,
ofrann pou wete peche moun pèp Izrayèl yo, ak tout lòt
bagay yo ka bezwen pou fè sèvis nan tanp Bondye nou
an. 34 Nou menm, prèt yo, moun Levi yo ak rès pèp la,
men ki jan pou nou regle keksyon livrezon bwa pou tanp
lan: Chak lanne y'a tire osò pou konnen kilè chak fanmi,
yonn apre lòt, va pote bwa y'a bezwen pou boule sou lotèl
Seyè a, Bondye nou an, jan sa ekri nan lalwa Bondye a.
35 Nou deside tou chak lanne, n'a pote nan tanp lan pou
n' ofri bay Seyè a premye grenn nou rekòlte nan jaden
nou ak premye fwi ki mi sou tout pyebwa nou yo. 36 Jan
sa ekri nan lalwa Bondye a, n'a pote bay prèt yo k'ap sèvi
nan tanp Bondye nou an premye pitit gason nou yo lè yo
fèt pou yo ka mete yo apa pou Bondye. Konsa tou, n'a
pote ba yo premye ti towo manman bèf nou yo va fè ak
premye ti belye manman mouton nou yo va fè ak premye
ti bouk manman kabrit nou yo va fè paske se pou prèt yo
yo ye. 37 Konsa tou, n'a pote bay prèt yo kote y'ap viv
nan tanp lan pen n'a fè ak premye grenn n'a rekòlte chak
lanne yo, ansanm ak lòt ofrann fwi pyebwa nou yo va
donnen, diven ki fenk fèt ak lwil oliv fre. N'a pote ladim
tout rekòt n'a fè nan jaden nou bay moun Levi yo. Se yo
menm ki va mache nan tout ti bouk nou yo pou ranmase
ladim kote yo fè jaden. 38 Yonn nan pret yo, ki soti nan
branch fanmi Arawon an, va toujou ale avèk moun Levi
yo lè yo pral ranmase ladim lan. Lèfini, moun Levi yo va
pote mete nan depo pwovizyon tanp lan yon dizyèm nan
tout ladim y'a ranmase a pou sèvis Tanp lan. 39 Se nan
chanm depo tanp lan moun pèp Izrayèl yo ak moun Levi
yo va pote tout grenn, tout diven ak tout lwil yo fèt pou
bay la. Se la tou y'a mete tout veso ak tout lòt bagay ki
pou sèvi nan tanp lan. Epitou, prèt desèvis yo, gad pòtay
tanp yo ak mizisyen tanp yo va gen kote pou yo rete la
tou. Se konsa nou pran angajman nou p'ap janm neglije
kay Bondye nou an ankò!

11 Tout moun ki te chèf pèp la te rete lavil Jerizalèm.
Men pou rès pèp la, yo tire osò pou yo chwazi yon
fanmi sou chak dis fanmi pou al viv nan lavil Bondye a,
Jerizalèm. Tout rès yo va rete nan lòt lavil yo. 2 Pèp la te fè
lwanj tout moun ki te ofri tèt yo pou yo rete lavil Jerizalèm.
3 Men lis chèf ki t'ap dirije pwovens Jida a, epi ki te rete
lavil Jerizalèm. Rès moun pèp Izrayèl la, prèt yo, moun
Levi yo, travayè tanp yo ak pitit domestik wa Salomon yo
t'ap viv nan lòt lavil peyi Jida a, chak moun nan lavil kote
yo te moun lan, sou pòsyon tè ki te pou yo a. 4 Moun
branch fanmi Jida yo ak moun branch fanmi Benjamen yo
te rete lavil Jerizalèm. Nan moun Jida yo te gen Ataja,
pitit gason Ouzija. Ouzija sa a te pitit Zekaraya, Zekaraya
te pitit Amarya, Amarya te pitit Chefatya, Chefatya te
pitit Maleyèl, Maleyèl te pitit Perès. 5 Te gen Maseya,
pitit gason Bawouk. Bawouk sa a te pitit Kòloze, Kòloze
te pitit Azaja, Azaja te pitit Adaja, Adaja te pitit Jojarib.
Jojarib te pitit Zekarya, Zekarya te pitit Chela. 6 Antou te
gen katsanswasanntwit (468) vanyan gason, moun fanmi
Perès, ki te tabli lavil Jerizalèm. 7 Nan moun Benjamen yo
te gen Salou, pitit gason Mechoulam. Mechoulam sa a te
pitit Joèd, Joèd te pitit Pedaja, Pedaja te pitit Kolaja, Kolaja
te pitit Maseja, Maseja te pitit Ityèl, Ityèl te pitit Jechaja.
8 Te gen Gabayi ak Salayi, fanmi Salou tou. Antou te
gen nèfsanvenntwit (928) moun Benjamen ki t'ap viv lavil
Jerizalèm. 9 Se Joèl, pitit Zikri, ki te chèf yo. Jeouda, pitit
gason Asenwa a, te dezyèm chèf nan lavil Jerizalèm. 10
Men prèt ki t'ap viv nan lavil la: Pou konmanse, te gen
Jedaja, pitit gason Jojarib lan ak Jaken. 11 Te gen Seraja,
pitit Ilkija. Ilkija sa a te pitit Mechoulam, Mechoulam te pitit
Zadòk, Zadòk te pitit Merajòt, Merajòt te pitit Akitoub. Se li
menm Akitoub yo te chwazi pou sèvi granprèt nan tanp
Bondye a. 12 Antou te gen wisanvennde (822) moun nan
fanmi sa a ki t'ap travay nan tanp lan. Te gen Adaja, pitit
gason Jeworam. Jeworam sa a te pitit Pelaja, Pelaja te
pitit Amsi, Amsi te pitit Zekarya, Zekarya te pitit Pachou,
Pachou te pitit Malkija. 13 Antou te gen desankarannde
(242) moun nan branch fanmi sa a ki te chèf fanmi. Te
gen Amasayi, pitit gason Azareyèl. Azareyèl sa a te pitit
Aksayi, Aksayi te pitit Mechilemòt, Mechilemòt te pitit Imè.
14 Te gen antou sanvenntwit (128) vanyan gason nan
branch fanmi sa a. Se Zabdyèl, pitit gason Agadòl, ki
te chèf yo. 15 Nan moun Levi ki te rete nan lavil la, te
gen Chemaja, pitit gason Achoub. Achoub sa a te pitit

Azrikam, Azrikam te pitit Achabya, Achabya te pitit Bouni.
16 Te gen Chabtayi ak Jozabad tou, de nan chèf moun
Levi yo ki te reskonsab pou regle tout zafè tanp lan avèk
lòt moun deyò. 17 Te gen Matanya, pitit gason Mika. Mika
sa a te pitit Zabadi, Zabadi te pitit Asaf. Se Matanya ki te
konn voye chante yo, se li ki te konn konmanse kantik pou
di Bondye mèsi lè yo t'ap lapriyè. Te gen Bakboukya, ki te
asistan Matanya, ak Abda, pitit gason Chamwa. Chamwa
sa a te pitit Galal, Galal te pitit Jedoutoun. 18 Antou te gen
desankatrevennèf (289) moun Levi nan lavil Bondye a. 19
Nan moun k'ap fè pòs nan pòtay tanp yo te gen Akoub,
Talmon ak lòt fanmi yo. Antou te gen sanswasanndouz
(172) gad. 20 Rès pèp la ak lòt prêt yo ak moun Levi yo
t'ap viv sou pòsyon tè fanmi yo nan lòt lavil peyi Jida a.
21 Travayè tanp yo t'ap viv nan katye lavil Jerizalèm yo
rele Ofèl la. Se Zicha ak Gichpa ki te chèf travayè yo. 22
Chèf moun Levi lavil Jerizalèm yo te rele Ouzi, pitit gason
Bani. Bani sa a te pitit Achabya, Achabya te pitit Matanya,
Matanya te pitit Mika. Ouzi te fè pati branch fanmi Asaf.
Se yo ki te reskonsab jwe mizik nan sèvis Tanp Bondye a.
23 Se wa a menm ki te bay lòd sa a. Te gen yon regleman
tou ki te mande pou mizisyen sa yo te fè woulman nan
travay yo yonn apre lòt, yon jou pou chak moun. 24 Se
Petachya, pitit gason Mechezabeyèl, moun Zerak nan
branch fanmi Jida a, yo te nonmen delege lakay wa a
pou regle tout zafè pèp Izrayèl la. 25 Anpil moun t'ap viv
nan ti bouk yo, nan mitan jaden yo. Moun branch fanmi
Jida yo te rete nan lavil Kiriyat Aba ak nan bouk ki te sou
kont li yo, nan lavil Dibon ak nan bouk ki te sou kont li yo,
nan lavil Jekabzel ak nan bouk ki te sou kont li yo. 26
Yo te rete tou nan lavil Jechwa, lavil Molada, lavil Bèt-
Pelèt, 27 lavil Azachwal, lavil Becheba ak nan ti bouk ki
te sou kont li yo. 28 Yo te rete nan lavil Ziklag, nan lavil
Mekona ak nan ti bouk ki te sou kont li yo, 29 nan lavil
Anrimon, nan lavil Zorea, nan lavil Jamout, 30 nan lavil
Zanoa, nan lavil Adoulam ak nan ti katye ki te sou kont yo.
Yo te rete lavil Lakis ak nan jaden ki toupre lavil la, nan
lavil Azèka ak nan ti bouk ki te sou kont li yo. Se konsa
moun fanmi Jida yo te rete nan teritwa ki konmanse nan
sid bò lavil Bècheba a pou rive nan nò jouk Fon Inon,
bò lavil Jerizalèm. 31 Moun fanmi Benjamen yo te rete
nan lavil Geba, lavil Mikmach, lavil Aja, lavil Betèl ak nan
ti bouk ki te sou kont yo, 32 lavil Anatòt, lavil Nòb, lavil
Ananya, 33 lavil Azò, lavil Rama, lavil Gitayim, 34 lavil
Adid, lavil Zeboyim, lavil Nebalat, 35 lavil Lòd, lavil Ono
ak nan Fon Atizan yo. 36 Te gen kèk moun Levi ki te rete
nan teritwa moun Jida yo, yo voye yo al rete nan teritwa
moun Benjamen yo.

12 Men lis prêt ak moun Levi ki te tounen nan peyi
a ansanm ak Zowobabèl, pitit gason Chealtyèl la,
ak Jozye. Men non prêt yo: Seraja, Jirimeja, Esdras, 2
Amarya, Malouk, Atouch, 3 Chekanya, Reyoum, Meremòt,
4 Ido, Ginetoyi, Abija, 5 Mijamen, Maadya, Bilga, 6
Chemaja, Jojarib, Jedaja, 7 Salou, Amòk, Ilkija ak Jedaja.
Mesye sa yo te chèf prêt yo nan tan Jozye. Ni yo ni prêt yo
te soti nan yon sèl fanmi. 8 Men non moun Levi yo: Te gen
yon premye gwoup ki te reskonsab chante kantik pou di
Bondye mèsi. Se te Jozye, Bennwi, Kadmyèl, Cherebya,
Jeouda ak Natanya. 9 Te gen yon lòt gwoup ki te kanpe
anfas yo pou reponn yo lè y'ap chante. Se te Bakboukya,
Ouni ak lòt moun Levi menm fanmi ak yo. 10 Jozye te
papa Jojakim, Jojakim te papa Elyachib, Elyachib te papa
Jojada, 11 Jojada te papa Jonatan, Jonatan te papa
Jadwa. 12 Lè Jojakim te granprêt, men moun ki te chèf
branch fanmi prêt yo: Meraja, chèf branch fanmi Seraja a,
Ananya, chèf branch fanmi Jirimeja a, 13 Mechoulam,
chèf branch fanmi Esdras la, Jokanan, chèf branch fanmi
Amarya a, 14 Jonatan, chèf branch fanmi Melikou a,
Jozèf, chèf branch fanmi Chebanya a, 15 Adna, chèf
branch fanmi Arim lan, Elkayi, chèf branch fanmi Merayòt
la, 16 Zekarya, chèf branch fanmi Ido a, Mechoulam, chèf
branch fanmi Gineton an, 17 Zikri, chèf branch fanmi Abija
a, ...chèf branch fanmi Minyamen, Piltayi, chèf branch
fanmi Moadya a, 18 Chamwa, chèf branch fanmi Bilga a,
Jonatan, chèf branch fanmi Chemaja a, 19 Matenayi, chèf
branch fanmi Jojarib la, Ouzi, chèf branch fanmi Jedaja a,
20 Kalayi, chèf branch fanmi Salou a, Ebè, chèf branch
fanmi Amòk la, 21 Achabya, chèf branch fanmi Ilkija a,
Netaneèl, chèf branch fanmi Jedaja a. 22 Pandan tout tan
Elyachib, Jodaja, Jokanan ak Jadwa te pase granprêt,
yonn apre lòt, yo te enskri non chèf tout fanmi prêt yo ak
non moun Levi yo nan gwo rejis ofisyèl tanp lan. Yo te
kenbe rejis sa a jouk sou règ wa Dariyis ki t'ap gouvènen
peyi Pès la. 23 Pou branch fanmi Levi yo, yo te enskri
nou chèf fanmi yo tou nan gwo rejis ofisyèl la, men lè yo
rive sou tan Jokanan, pitit pitit Elyachib la, yo sispann fè
sa. 24 Chèf moun Levi yo te Achabya, Jechwa, Bennwi
ak Kadmyèl. Yo te separe moun Levi yo an gwoup. De
gwoup te kanpe yonn anfas lòt pou chante lwanj Seyè a
ak kantik pou di Bondye mèsi, yonn apre lòt, dapre lòd
wa David, sèvitè Bondye, te kite a. 25 Men non moun
ki t'ap sèvi tankou gad pòtay tanp lan: Se te Matanya,
Bakboukya, Obadya, Mechoulam, Talmon ak Akoub. Yo
te reskonsab veye depo magazen ki te bò pòtay tanp
lan. 26 Moun sa yo t'ap viv nan tan Jojakim, pitit Jozye,
pitit pitit Josadak la, te granprêt la, nan tan Neemi t'ap
gouvènen an ak nan tan Esdras, prêt ki te direktè lalwa a,
tou. 27 Lè yo tapral fè sèvis benediksyon miray ranpa lavil
Jerizalèm lan, yo fè chache tout moun Levi yo toupatou
kote yo te rete, yo mennen yo lavil Jerizalèm. Yo te vle
fè yon gwo fêt pou sèvis benediksyon an ak kè kontan.
t'ap gen chante pou di Bondye mèsi, avèk mizik, senbal,
gita ak bandjo. 28 Se konsa mizisyen sanba yo, moun
branch nan fanmi Levi yo, soti nan tout zòn ki bò lavil
Jerizalèm, nan ti bouk ki bò Netofa yo, yo sanble. 29
Genyen tou ki te soti lavil Betgilgal ak andeyò Geba ak
Azmavèt. Lè sa a, mizisyen yo te rete nan anpil ti bouk yo
te bati nan tout zòn bò lavil Jerizalèm lan. 30 Prêt yo ak
moun Levi yo fè sèvis pou mete tèt yo, pèp la, pòtay yo
ak miray ranpa a nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.

31 Mwen fè tout chèf peyi Jida yo moute sou tèt miray
ranpa a: Mwen fè de gwoup mizisyen ak moun pou chante
pandan y'ap mache sou tèt miray la. Premye gwoup la al
sou bò dwat nan direksyon Pòtay Fatra a. 32 Ozaya t'ap
mache dèyè yo ak mwatye nan chèf peyi Jida yo. 33 Dèyè
yo t'ap mache Azarya, Esdras, Mechoulam, 34 Jeouda,
Benjamen, Chemaja ak Jirimeja. 35 Mesye sa yo se prèt
yo te chwazi pou kònen twonpèt yo. Dèyè yo t'ap mache
Zekarya, pitit Jonatan. Jonatan sa a te pitit Chemaja,
Chemaja te pitit Matanya, Matanya te pitit Mika, Mika te
pitit Zakou, Zakou te pitit Asaf. 36 Zekarya t'ap mache
avèk lòt moun menm fanmi avè l' yo. Se te Chemaja,
Azareèl, Milalayi, Gilalayi, Maayi, Netaneèl, Jeouda ak
Anani. Yo tout yo te gen nan men yo tout kalite enstriman
mizik wa David, sèvitè Bondye a, te konn jwe. Se Esdras,
direktè lalwa a, ki t'ap mache devan premye gwoup sa
a. 37 Lè yo rive Pòtay Fontenn dlo a, yo moute dwat
devan yo, yo pran macheskalye ki mennen nan lavil wa
David la, yo pase sou kote palè David la, yo moute sou
tèt miray la ankò jouk yo rive Pòtay Dlo yo bò solèy leve.
38 Lòt gwoup la menm al sou bò gòch, sou tèt miray la:
Mwen t'ap mache dèyè yo ansanm ak lòt mwatye moun
yo. Nou pase bò gwo Fò Fou yo jouk nou rive sou gwo
miray laj la. 39 Apre sa, nou pase anwo pòtay Efrayim
lan, anwo vye Pòtay la, anwo Pòtay Pwason yo, sou kote
Fò Ananeèl ak Fò Meya a jouk nou rive bò Pòtay Mouton
yo. Nou rete bò Pòtay Gad Tanp lan. 40 Se konsa, de
gwoup moun yo ki t'ap chante pou di Bondye mèsi a rive
nan tanp Bondye a. Mwen te gen avè mwen mwatye nan
chèf yo, 41 ansanm ak prèt ki t'ap kònen twonpèt yo:
Elyakim, Maaseja, Menjamen, Mika, Elioenayi, Zekarya,
Ananya, avèk twonpèt yo nan men yo, 42 ansanm avèk
moun k'ap chante yo: Maseja, Chemaja, Eleaza, Ouzi,
Jokanan, Malkija, Elam ak Azè. Se Jizraja ki t'ap mennen
chante a. 43 Jou sa a, yo te ofri anpil gwo sakrifis pou
Bondye. Tout pèp la t'ap fè fèt paske Seyè a te ba yo gwo
kè kontan. Tout fanm yo ak tout timoun yo t'ap fete tou.
Byen lwen yo te ka tande moun yo ki t'ap fete nan lavil
Jerizalèm lan. 44 Lè sa a, yo chwazi kèk gason yo mete
reskonsab chanm depo kote yo te mete pwovizyon yo,
ofrann premye grenn ak premye fwi yo ranmase nan chak
rekòt yo, ofrann ladim yo ak lòt ofrann pou moun yo fè
pou tanp lan: Se mesye sa yo ki te gen pou ale nan tout
jaden bò lavil yo, pou ranmase sa lalwa te mande pou bay
prèt yo ak moun Levi yo. Tout moun peyi Jida te kontan
ak travay moun Levi yo ak prèt yo t'ap yo fè. 45 Paske, yo
t'ap fè sèvis Bondye yo san mank. Yo t'ap fè sèvis pou
mete tout moun ak tout bagay nan kondisyon pou fè sèvis
Bondye. Mizisyen yo ak gad pòtay tanp yo tou, tout moun
t'ap fè travay yo dapre regleman wa David ak pitit li, wa
Salomon, te bay. 46 Depi lontan, sou rèy David, nan tan
Asaf te chèf mizisyen yo, te gen yon gwoup mizisyen ki te
la pou chante lwanj Bondye ak lòt chante pou di l' mèsi.
47 Se konsa, nan tan Zowobabèl ak nan tan Neemi, tout
pèp Izrayèl la te pote kado chak jou bay mizisyen yo ak
gad pòtay tanp yo. Yo te pote renmèt moun Levi yo ofrann
yo te mete apa pou Bondye. Moun Levi yo menm te bay
prèt yo, moun fanmi Arawon yo, pòsyon pa yo.

13 Yon jou, pandan yo t'ap li nan liv lalwa Moyiz la pou
pèp la, yo rive yon kote ki di: Moun Amon yo ak
moun Moab yo pa janm gen dwa mete pwent pye yo kote
pèp Bondye a sanble. 2 Paske moun Amon ak moun
Moab yo te refize bay moun pèp Izrayèl yo pen ak dlo lè
yo t'ap soti kite peyi Lejip la. Okontrè, yo bay Balaram
lajan pou l' te ka madichonnen yo. Men, Bondye fè tou, li
vire madichon an, li fè l' tounen benediksyon. 3 Lè moun
pèp Izrayèl yo tande sa yo te li nan liv lalwa a, yo pran
tout moun lòt nasyon ki t'ap viv nan mitan yo, yo mete yo
deyò. 4 Anvan tout bagay sa yo, se Elyachib, yonn nan
prèt yo, yo te mete reskonsab chanm depo magazen tanp
lan. Li te fanmi prèt Tobija. 5 Se konsa li pran yonn nan
gwo chanm depo kote yo te konn mete ofrann yo, lansan
an, veso ki sèvi nan tanp lan, ofrann ladim sou ble a, sou
diven nivo a ak sou lwil, ofrann yo te fè pou moun Levi yo,
pou mizisyen yo ak pou gad pòtay yo, ansanm ak pòsyon
yo mete apa pou prèt yo, li fè ranje chanm lan pou Tobija.
6 Pandan tout bagay sa yo t'ap pase, mwen pa t' lavil
Jerizalèm paske, lè wa Atagzèsès te rive sou tranndezan
depi l' t'ap gouvènen, nou te fè yon vwayaj al bò kote
l'. Kèk tan apre sa, li ban m' otorizasyon ankò, 7 epi m'
tounen lavil Jerizalèm. Se lè sa a mwen vin konnen move
bagay Elyachib te fè a, lè li te pran yon chanm nan lakou
tanp Bondye a pou l' te bay Tobija rete. 8 Mwen te fache
anpil poutèt sa. Mwen pran tout mèb ki te lakay Tobija yo,
mwen jete yo deyò nan lari. 9 Lèfini, mwen bay lòd pou yo
fè sèvis pou mete chanm depo yo nan kondisyon pou fè
sèvis Bondye, apre sa pou yo mete tout veso ki pou sèvis
tanp lan, ansanm ak ofrann yo ak lansan an nan plas yo
ankò. 10 Mwen vin konnen tou pèp la pa t' bay sa pou yo
te bay pou moun Levi yo, kifè moun Levi yo ak mizisyen
yo te leve kite travay yo lavil Jerizalèm, yo tounen nan
jaden yo. 11 Mwen rale zòrèy chèf yo, mwen mande yo
poukisa yo pa okipe tanp la ankò. Mwen voye chache
moun Levi yo ak mizisyen yo, m' fè yo tounen nan tanp
lan vin fè travay yo. 12 Lè sa a, tout moun pèp Izrayèl yo
pote ofrann ladim ble, ladim diven ak ladim lwil vin mete
nan depo a. 13 Mwen chwazi twa moun: Chelemya, yon
prèt, Zadòk, yon direktè lalwa, ak Pedaja, yon moun Levi,
mwen mete yo reskonsab chanm depo yo. Mwen chwazi
yon lòt moun, Anan, pitit gason Zakou, pitit pitit Matanya,
pou ede yo nan travay la. Mwen konnen mesye sa yo
te nèg serye. Se yo ki te reskonsab separe pwovizyon
yo bay prèt ak moun Levi parèy yo. 14 Se poutèt sa, O
Bondye mwen, pa bliye m', tanpri! Pa bliye tout bagay sa
yo mwen te fè pou tanp ou a ak pou regleman ou bay
yo, paske mwen bay lavi m' nèt pou sèvi ou! 15 Lè sa
a tou, mwen wè kèk moun nan peyi Jida a ki t'ap fè ji
rezen gwo jou repo a. Gen lòt menm ki t'ap chaje pakèt
ble, diven, rezen, fig frans ak anpil lòt chay toujou sou
bourik pou yo ale lavil Jerizalèm jou repo a. Mwen avèti

yo pou yo pa vann jou sa a. **16** Te gen kèk moun lavil Tir
ki te rete lavil Jerizalèm pou fè kòmès. Yo te konn pote
pwason ak tout lòt kalite machandiz pou yo te vann moun
Jida yo jou repo a. **17** Mwen rale zòrèy chèf peyi Jida yo,
mwen di yo: -Ki kalite bagay lèd n'ap fè la a konsa! Gade
jan n'ap derespekte jou repo Bondye a non! **18** Se sa
menm zansèt nou yo te konn fè, kifè Bondye nou an te
pini nou, li te kite tout malè sa yo tonbe sou nou ak sou
lavil la. Koulye a n'ap fè Bondye pi fache toujou lè nou pa
respekte jou repo li a! **19** Se konsa mwen bay lòd pou yo
toujou fèmen tout batan pòtay lavil la pou tout jou repo a,
depi lavèy lè solèy fin kouche, epi pou yo kite yo fèmen
pou jouk nan denmen lè solèy la va kouche ankò. Mwen
mete kèk moun pa m' menm ap veye bò pòtay yo pou
ankenn chay pa antre nan lavil la jou repo a. **20** Yonn
ou de fwa, kèk machann k'ap fè trafik vann tout kalite
machandiz te blije pase nwit lavèy jou repo a, deyò lòt bò
pòtay lavil Jerizalèm. **21** Mwen avèti yo, mwen di yo: -Sa
nou bezwen rete pase nwit lan deyò bò miray la fè? Si nou
fè sa ankò, m'ap fè mete men sou nou. Depi lè sa a yo pa
janm vini jou repo a ankò. **22** Mwen bay moun Levi yo lòd
pou yo fè sèvis pou mete tèt pa yo nan kondisyon pou fè
sèvis Bondye, apre sa pou yo vin veye pòtay yo pou nou
te ka fete jou repo a jan Bondye vle l' la. Poutèt sa tou, o
Bondye mwen, pa bliye mwen! Pou jan ou gen bon kè,
tanpri, pitye pou mwen! **23** Se lè sa a tou, mwen vin wè te
gen anpil jwif ki te marye ak fanm ki te moun peyi Asdòd,
moun peyi Amon osinon moun peyi Moab. **24** Mwatye nan
timoun yo te pale lang peyi Asdòd la ase ou ankò yon lòt
kalite lang. Yo pa t' konn pale lang nou an. **25** Mwen rale
zòrèy mesye yo, mwen mande pou madichon tonbe sou
yo. Mwen fè bat anpil ladan yo, mwen fè rache cheve nan
tèt yo. Mwen fè yo fè sèman devan Bondye pou yo pa
janm pran pitit fi yo pou yo marye yo ak mesye lòt nasyon
yo, ni tou pou yo pa janm pran fi nan mitan fi lòt nasyon
yo pou madanm pa yo osinon pou madanm pitit gason yo.
26 Mwen di yo: -Se peche sa a menm wa Salomon te fè!
Atout pa t' gen tankou l' nan tout wa lòt nasyon yo, atout
Bondye l' la te renmen l', atout se Bondye menm ki te
mete l' wa sou tout pèp Izrayèl la, se madanm lòt nasyon
yo ki te pran tèt li pou fè l' fè sa ki mal. **27** Koulye a nou ta
renmen tout moun vin konnen n'ap fè menm gwo peche
sa a, n'ap trayi Bondye nou an, n'ap marye ak medam ki
moun lòt nasyon? **28** Jojada te pitit Elyachib, granprèt la.
Yonn nan pitit gason l' yo te marye ak pitit fi Sanbalat, nèg
lavil Bèt-Owon an. Mwen mete l' deyò pou m' pa janm wè
l' devan je m' ankò. **29** O Bondye mwen, pa janm bliye
moun sa yo pou jan yo avili travay prèt yo ak kontra ou te
siyen ak prèt yo ansanm ak moun Levi yo! **30** Mwen te
wete tout bagay ki pou moun lòt nasyon yo nan mitan pèp
la pou yo te ka nan kondisyon pou sèvi Bondye. Mwen
fè regleman pou prèt yo ak moun Levi yo. Konsa, chak
moun te gen travay pa yo. **31** Mwen bay lè pou yo fè
ofrann bwa yo ak ofrann premye grenn ak premye fwi ki
mi nan jaden lè rekòt. O Bondye mwen, pa bliye m' tande!
Pa bliye se mwen menm ki fè tou sa!

Estè

1 Vwala se te sou rèy wa Asyeris. Li t'ap gouvènen
sanvennsèt (127) pwovens depi peyi Lend rive peyi
Letiopi. **2** Lè sa a, wa a te rete lavil Souz, kapital la, ki te
tankou yon sitadèl. **3** Li te gen twazan depi li te wa. Yon
jou, li bay yon gwo fèt babako pou tout chèf li yo ak pou
tout moun k'ap sèvi avè l' nan gouvènman an. Tout lame
peyi Pès ak peyi Medi a te la tou ansanm ak tout gouvènè
ak tout gwo zotobre pwovens yo. **4** Pandan sis mwa, wa
a t'ap fè yo wè jan palè l' la te rich, jan li te grannèg anpil,
ak kantite bèl bagay li te genyen. **5** Apre tout jou sa yo,
wa a fè yon gwo fèt pou tout moun, rich kou pòv, ki te rete
lavil Souz, kapital la. Pandan sèt jou, li resevwa mesye yo
nan lakou jaden palè l' la. **6** Lakou palè a te dekore ak
bèl rido koulè blan ak ble. Yo te mare rido yo ak bèl ti
kòdon koulè violèt nan bag fèt an ajan moute sou gwo
poto fèt an mab. Yo te ranje bèl ti kabann fèt an lò ak an
ajan nan tout lakou a. Lakou a te pave ak mab blan, mab
wouj, mab nwa, gwo pèl klere, ak bèl pye ble. **7** Yo te sèvi
bweson nan gwo gode lò. Chak gode te gen yon fòm apa.
Yo te bay diven wa a an kantite, jan wa a te vle l' la. **8**
Tout moun t'ap bwè san pesonn pa kontwole bouch yo,
paske wa a te bay kanbizye li yo lòd pou chak moun te
jwenn mezi yo vle. **9** Larenn Vachti bò pa l' t'ap resevwa
medam yo anndan palè wa Asyeris la. **10** Dènye jou fèt
la, wa a t'ap bwè, kè l' te kontan. Li fè rele sèt nan nèg
konfyans pa l' yo: Se te Mayouman, Bizta, Abona, Bigta,
Obagta, Zeta ak Kakas. **11** Li ba yo lòd pou y' al chache
larenn Vachti ak tout kouwòn li sou tèt li. Larenn lan te
yon bèl fanm. Wa a te vle fè pèp la ak tout chèf li yo wè
jan li bèl. **12** Men lè nèg konfyans yo al di larenn Vachti
lòd wa a te ba yo a, li derefize vini. Sa te fè wa a fache. Li
te move anpil. **13** Se te koutim lan lè sa a chak fwa wa a
te gen yon bagay pou l' regle, li toujou pran konsèy nan
men moun ki konnen sa ki dwat ak sa lalwa mande. Se
konsa, wa a fè chache konseye l' yo pou yo di l' sa pou l'
fè. **14** Men konseye ki te pi pre l' yo se te Kachna, Cheta,
Admata, Tachich, Meris, Masena ak Mimoukan, sèt gwo
chèf ki te soti nan peyi Pès ak nan peyi Medi ki te gen
dwa wè wa a lè yo vle. Lèfini, se yo ki te gen premye plas
nan gouvènman an. **15** Wa a di yo konsa: -Dapre lalwa,
kisa pou m' fè larenn Vachti? Mwen voye nèg konfyans
mwen yo al ba li yon lòd, li derefize obeyi m'. **16** Lè sa
a Mimoukan pran lapawòl devan wa a ak tout lòt chèf
yo, li di konsa: -Se pa sèlman wa a larenn Vachti manke
dega. Se tout chèf ak tout gason k'ap viv nan tout peyi ki
sou lòd wa a li manke dega. **17** Lè medam yo va konnen
sa larenn Vachti fè a, yo tout yo pral pran mari yo pou
bòbòy. Y'ap di: Wa Asyeris ki wa Asyeris, li te bay larenn
Vachti lòd pou vin bò kote l', larenn lan te derefize! **18** Lè
madanm chèf peyi Pès ak peyi Medi yo va konnen sa
larenn lan fè la a, se sa ase yo pral pale nan zòrèy mari
yo depi jòdi a menm. Lè sa a, toupatou medam yo p'ap
respekte mari yo ankò. Mari yo menm pral fè kòlè sou
madanm yo. **19** Si wa a dakò, se pou l' fè yon deklarasyon
pou l' fè tout moun konnen larenn Vachti pa janm gen dwa
parèt devan l' ankò. Li pral chwazi yon lòt madanm pi
bon pase l' mete larenn nan plas li. Lèfini, l'a fè ekri lòd
sa a nan liv lalwa peyi Pès ak peyi Medi a, pou yo pa
janm chanje l'. **20** Y'a pibliye lòd wa a nan tout gwo peyi
ou la pou tout moun konnen. Lè sa a, mesye yo te mèt
grannèg, yo te mèt ti nèg, madanm yo va gen respè pou
yo. **21** Wa a ansanm ak chèf yo te renmen lide Mimoukan
te bay la. Se konsa wa a fè sa Mimoukan te di fè a. **22** Li
voye mesaj nan tout peyi ki te anba baton kòmandman l'
lan. Mesaj la te ekri nan lang chak peyi, jan yo ekri lang
lan nan peyi a. Li voye di se pou chak gason chèf lakay
yo: Lè yo pale, se fini!

2 Apre sa, lè kolè wa a fin pase, lide wa a te toujou sou
sa Vachti te fè a ak sou desizyon li menm li te pran lè
sa a. **2** Se konsa, nan moun ki toujou avèk wa a, gen
ladan yo ki di l': -Poukisa ou pa mete moun chache pou
ou kèk bèl ti jenn fi ki tifi toujou? **3** Nan tout pwovens
peyi ou la, wa chwazi kèk enspekte ki va chache dènye
bèl ti jenn fi ki poko nan gason. Y'a mennen yo nan kay
madanm ou yo, isit la, lavil Souz, kapital la. Wa mete
yo sou kont Egayi, domestik konfyans ou ki reskonsab
madanm ou yo, pou li ba yo tou sa yo bezwen pou fè kò
yo bèl. **4** Lèfini, jenn fi ki va fè ou plezi plis la wa mete l'
larenn nan plas Vachti a. Wa a wè se te yon bon lide, li
fè sa konsa vre. **5** Lè sa a, nan lavil Souz, kapital peyi
a, te gen yon jwif ki te rele Madoche. Se te pitit Jayi,
nan branch fanmi Benjamen. Li te soti nan fanmi Kich ak
Chimeyi. **6** Lè Nèbikadneza, wa peyi Babilòn lan, te pran
Jekonya, wa peyi Jida a, ansanm ak lòt prizonye yo nan
lavil Jerizalèm pou l' te depòte yo, Madoche te ladan l'
tou. **7** Li te gen yon ti kouzin li ki te rele Estè. Men bon
non jwif li se te Adasa. Se te yon bèl fi anfòm. Lè papa l'
ak manman l' mouri, Madoche te pran l' lakay li, li leve l'
tankou pwòp pitit fi li. **8** Apre yo te fin pibliye lòd wa a, yo
mache chache anpil jenn fi, yo mennen yo lakay wa a lavil
Souz, kapital la. Estè te ladan yo tou. Se konsa li te lakay
wa a, sou kont Egayi ki te reskonsab tout madanm wa yo.
9 Estè te fè Egayi plezi anpil. San l' te ale avè l'. Li pa pèdi
tan li, li ba li tou sa li te bezwen pou fè kò l' bèl ak manje
ki bon pou li. Li chwazi sèt bòn lakay wa a, li bay Estè pou
sèvis pa l', epi li mete l' nan pi bon apatman ki te genyen
nan kay madanm wa yo. **10** Estè pa t' kite pèsonn konnen
moun ki peyi ak ki ras li te ye, paske Madoche te ba li lòd
pou l' pa t' di anyen sou sa. **11** Chak jou, Madoche bò pa l'
menm t'ap pwonmennen devan lakou kay medam yo pou
l' te konnen jan Estè t'ap degaje l', ki jan sa tapral pase
pou li. **12** Yo te pran yon lanne nèt pou pare jenn fi yo. Yo
pase sis mwa ap pran masaj ak lwil fèt ak lami, sis mwa
ak odè ansanm ak krèm fèt pou madan marye. Apre sa,
yo mennen jenn fi yo yonn apre lòt al jwenn wa Asyeris.
13 Men ki jan sa te fèt: lè yon jenn fi ap kite kay medam
yo pou ale kay wa a, yo ba li tou sa li te vle mete sou li.
14 Se yon jou swa yo toujou mennen l'. Nan maten, yo

fè l' ale nan yon lòt kay wa a te genyen pou fanm kay li
yo. Yo renmèt li nan men Chagaz ki te reskonsab kay
sa a. Jenn fi a pa t' gen pou l' te tounen kay wa a ankò,
esepte si wa a te vle. Lè konsa, se wa a ki pou bay non fi
li vle a. **15** Jou pou Estè ale kay wa a rive. Estè, pitit fi
Abikayil la, kouzin Madoche te pran pou pitit fi li a, leve, li
pa mande anyen pase sa Egayi, domestik konfyans wa
a ki te reskonsab jenn fi yo, te ba li konsèy mande pou
mete sou li. Tout moun tonbe pou Estè lè yo wè l'. **16** Se
konsa, Asyeris t'ap mache sou sètan depi li te wa, nan
dizyèm mwa, mwa yo rele Tebèt la, lè yo mennen Estè
devan wa a lakay li. **17** Wa a tonbe pou Estè plis pase
pou tout lòt fanm li te janm konnen. Estè te rive fè wa a
plezi plis pase tout lòt jenn fi yo. Wa a renmen l' plis pase
lòt yo. Li mete kouwòn li a sou tèt Estè, li nonmen l' larenn
nan plas Vachti a. **18** Lèfini, li voye envite tout chèf li yo
ak moun pa l' yo, li fè yon gwo resepsyon pou Estè. Li bay
yon jou vakans nan tout peyi a nèt. Apre sa, li bay kado
adwat agoch jan wa yo konn fè l' la. **19** Pandan tout tan
yo t'ap mennen jenn fi yo bay wa a, Madoche te chita bò
pòtay palè a. **20** Estè menm pa t' kite pèsonn konnen
moun ki peyi ak ki ras li te ye. Madoche te ba li lòd pa di
anyen sou sa. Estè te obeyi l' jan li te toujou obeyi l' lè li
te timoun lakay li. **21** Antan Madoche te chita bò pòtay la,
de domestik konfyans wa a, Bigtan ak Tèrèch, ki t'ap fè
pòs devan chanm wa a, fache sou wa a, yo fè konplo pou
yo touye l'. **22** Madoche vin konn sa. Li di larenn Estè sa.
Larenn Estè menm al di wa a men sa Madoche voye di l'.
23 Yo mennen ankèt, yo jwenn sa Madoche te di a se te
vre. Yo pann de mesye yo. Lèfini, wa a bay lòd pou yo
ekri koze a nan gwo liv achiv gouvènman yo.

3 Kèk tan apre sa, wa Asyeris mete yon nonm ki te rele
Aman nan yon gwo pozisyon. Li nonmen l' chèf sou
tout lòt chèf nan peyi a apre wa a. Aman sa a te pitit
Amedata, moun fanmi wa Agag. **2** Wa a pase lòd pou tout
anplwaye gouvènman li mete ajenou, bese tèt yo jouk atè
devan Aman pou montre jan yo respekte l'. Tout anplwaye
yo te fè sa vre esepte Madoche ki te derefize fè bagay
konsa. **3** Lòt anplwaye yo mande Madoche poukisa li t'ap
dezobeyi lòd wa a te bay la. **4** Chak jou yo te dèyè l' pou
l' te konfòme l'. Men, li te refize koute yo. Li esplike yo se
jwif li ye, li pa kapab bese tèt li jouk atè devan Aman. Se
konsa mesye yo al di Aman sa pou yo wè si li pa t'ap di
Madoche anyen. **5** Lè Aman wè Madoche te derefize ni
mete ajenou, ni bese tèt li jouk atè devan li lè l'ap pase, li
ofiske. **6** Lè li vin konnen menm se jwif Madoche te ye, li
fè lide se pa Madoche sèlman l'ap pini. L'ap òganize l'
pou l' touye dènye kras jwif ki nan peyi wa Asyeris la. **7**
Lè sa a, wa Asyeris t'ap mache sou douzan depi li t'ap
gouvènen. Nan premye mwa a, mwa Nisan an, Aman
mande yon divinò fè l' konnen ki jou ak ki mwa ki pi bon
pou l' fè sa l' te vle fè a. Se konsa yo tonbe sou douzyèm
mwa a, mwa Ada a. **8** Lè sa a, Aman al di wa a: -Monwa,
gen yon ras moun ki gaye nan tout peyi w'ap gouvènen
yo, yo toupatou nan mitan pèp yo, men yo viv apa. Mès
pa yo pa menm ak mès lòt pèp yo. Lèfini, yo derefize
obeyi lòd ou bay yo. Li pa ta bon pou wa a fèmen je l' sou
sa. **9** Si wa a ta vle, li ta bay lòd pou yo touye yo. Si wa a
fè sa, m'ap ranmase twasanswasannkenz (375) tòn ajan
nan men anplwaye leta yo m'a mete nan kès wa a. **10** Wa
a ba li kat blanch. Li wete gwo bag ki nan dwèt li a bay
Aman, pitit gason Amedata, moun ras Agag la, ki pa t' vle
wè jwif yo. **11** Epi wa a di l' konsa: -Mwen ba ou pèp sa a
ansanm ak richès li yo. Fè sa ou vle ak yo. **12** Se konsa,
nan trèzyèm jou premye mwa a, Aman fè rele tout sekretè
wa yo, li ba yo yon piblikasyon pou yo mete nan lang
chak peyi, jan yo ekri lang lan nan peyi a. Lèfini, li bay lòd
pou yo voye l' bay tout prefè wa a, tout gouvènè pwovens
yo ak tout chèf lòt pèp yo. Piblikasyon an te fèt nan non
wa Asyeris. Lèfini, li mete so bag wa a anba li. **13** Yo
voye mesaje kouri pote piblikasyon an nan tout peyi ki
anba kòmandman wa a. Piblikasyon an te bay lòd pou lè
trèzyèm jou mwa Ada a va rive, yon sèl jou a pou yo te
touye tout jwif yo, granmoun kou jennmoun, fanm kou
timoun. Se pou yo te masakre yo san pitye, lèfini pou yo
te piye tout byen yo. **14** Yo voye yon kopi piblikasyon an
nan chak pwovens avèk lòd esprès pou yo te fè tout moun
konnen pou yo pare kò yo pou jou sa a. **15** Dapre lòd wa
a, mesaje yo kouri pote mesaj la nan tout pwovens yo. Yo
pibliye nouvèl la tou nan lavil Souz, kapital la. Tout lavil
Souz te tèt anba, wa a menm te chita ap bwè ak Aman.

4 Lè Madoche pran nouvèl tou sa ki t'ap pase, sa te fè
l' lapenn anpil. Li chire rad sou li. Li mete yon rad sak
anwo li ak sann dife sou tèt li, li pran lari pou li, li t'ap
rele, li t'ap plenn byen fò. **2** Li rive devan pòtay palè a. Li
pa antre, paske moun pa gen dwa antre anndan kay wa
a ak rad sak sou yo. **3** Nan tout pwovens yo, toupatou
kote yo te pibliye lòd wa a, se te yon gwo lafliksyon pou
jwif yo. Yo fè jèn, yo t'ap kriye, yo t'ap plenn. Anpil ladan
yo mete rad sak sou yo, yo kouche nan sann dife. **4** Lè
sèvant Estè yo ansanm ak domestik konfyans li yo al di li
sa Madoche t'ap fè, sa te boulvèse li anpil. Estè voye bon
rad bay Madoche pou li te ka wete rad sak la sou li. Men
Madoche derefize. **5** Lè sa a, Estè rele Atach, yonn nan
domestik konfyans wa a te ba li pou sèvis li, li voye l' bò
kote Madoche pou konnen sa k'ap pase ak poukisa l'ap fè
sa. **6** Atach al jwenn Madoche sou plas piblik ki te devan
pòtay palè wa a. **7** Madoche rakonte l' tou sa ki te rive
l', ki jan Aman te pwomèt pou l' te bay anpil lajan pou
mete nan kès wa a si wa a te dakò pou yo masakre tout
jwif yo. **8** Li bay Atach yon kopi lòd wa a yo te pibliye
lavil Souz la, ki te mande pou yo te detwi tout jwif yo.
Madoche mande l' pou l' pote kopi piblikasyon an bay
Estè, pou li esplike l' sitiyasyon an, lèfini pou Estè al bò
kot wa a pou pale avè l', pou mande l' gras pou pèp li a. **9**
Atach al di Estè tou sa Madoche te di l'. **10** Estè menm
voye Atach di Madoche konsa: -Pèsonn, li te mèt fanm li
te mèt gason, pa gen dwa antre nan lakou anndan palè
a pou wè wa a, si se pa wa a ki voye chache l'. Si yon

moun fè sa, y'ap touye l'. Se lalwa. **11** Tout moun k'ap
travay ak wa a ansanm ak tout pèp lòt peyi ki sou lòd li yo
konn sa. Sèl jan pou l' pa mouri se si wa a lonje baton an
lò a bay moun lan. Mwen menm, gen yon mwa depi wa a
pa mande pou mwen. **12** Lè Atach bay Madoche mesaj
Estè a, **13** Madoche voye repons sa a bay Estè: -Pa mete
nan tèt ou lè y'ap touye jwif yo w'ap chape paske se lakay
wa a ou rete. **14** Si ou konprann pou fèmen bouch ou nan
yon ka konsa, Bondye ap toujou delivre pèp jwif la. Y'a
sove, men ou menm, w'ap mouri epi fanmi ou ap disparèt.
Ou pa janm konnen si se pa pou move pa sa a ou larenn
jounen jòdi a. **15** Estè voye reponn Madoche: **16** -Ou mèt
ale. Reyini dènye jwif ki nan lavil Souz; fè yo fè jèn pou
mwen. N'a pase twa jou twa nwit san manje san bwè.
Mwen menm bò pa m' ansanm ak sèvant mwen yo, nou
pral fè jèn tou. Apre sa, m' aval kote wa a, atout lalwa
defann sa. Si se pou m' mouri, m'a mouri. **17** Madoche
ale, li fè tou sa Estè te di l' fè a.

5 Sou twazyèm jou a, Estè mete rad larenn li sou li, li
ale, li kanpe nan lakou anndan palè a, devan salon wa
a. Wa a te chita sou fòtèy li anndan salon an anfas pòt
pou antre a. **2** Lè wa a wè larenn Estè kanpe deyò a,
sa te fè kè l' kontan, li lonje baton an lò ki te nan men l'
lan ba li. Estè antre, li manyen pwent baton an. **3** Wa a
mande l': -Sa ki genyen, larenn Estè? Sa ou bezwen? Ou
te mèt mande m' mwatye nan peyi a, m'ap ba ou li. **4**
Estè reponn li: -Si sa fè wa a plezi, mwen ta renmen wa a
vini ansanm ak Aman nan yon ti fèt m'ap fè pou li lakay
mwen aswè a. **5** Lamenm wa a di: -Kouri vit al chache
Aman pou n' al kay Estè ki envite nou. Se konsa, wa a ale
nan ti fèt Estè te fè pou li a ansanm ak Aman. **6** Pandan
yo t'ap bwè diven, wa a mande Estè konsa: -Di m' sa
ou vle, m'ap ba ou li. Ou te mèt mande m' mwatye nan
peyi a, m'ap ba ou li. **7** Estè reponn, li di konsa: -Sa m'
bezwen...? Sa m' ta mande ou...? **8** Si wa a kontan avè
m', si se plezi li pou li ban m' sa m' vle a, pou li fè sa m'a
mande l' fè a. mwen ta renmen wa a ansanm ak Aman
vini denmen lakay mwen pou yon lòt ti fèt m'ap fè pou li
ansanm ak Aman. Lè sa a, m'a di monwa sa m' bezwen.
9 Jou sa a, lè Aman soti nan fèt la, li te kontan, li t'ap ri ak
tout moun. Men, lè li rive bò pòtay palè a, li wè Madoche
pa menm fè yon rimay leve lè l'ap pase. Li move anpil sou
Madoche, **10** men li pa kite moun wè sa, epi li al lakay
li. Lèfini, li fè chache zanmi l' yo, epi li mande madanm
li Zerès pou li vini tou. **11** Aman konmanse pale devan
yo, li di yo jan li rich, jan li gen lajan, konbe pitit gason li
genyen, jan wa a te moute l' grad, li te mete l' chèf anwo
tout lòt chèf ak tout lòt moun k'ap sèvi nan gouvenman
an. **12** Lèfini, li di: -Sa ki pi rèd, larenn Estè fè fèt pou wa
a, kilès ou kwè li envite? Mwen menm ase, pèsonn ankò!
Men li envite m' pou denmen ankò! **13** Men, tou sa pa di
m' anyen, toutotan m'a wè jwif yo rele Madoche a chita
nan papòt palè wa a. **14** Lè sa a, Zerès, madanm li, ak
tout zanmi l' yo di l' konsa: -Poukisa ou pa fè yo kanpe
yon poto swasannkenz pye wotè nan lakou lakay ou?
Denmen maten, w'a mande wa a pou yo pann Madoche
nan poto a. Apre sa, wa va ale nan fèt la ak kè kontan.
Aman wè se te yon bon lide yo te ba li la a. Li fè kanpe
yon poto swasannkenz pye wotè nan lakou lakay li.

6 Menm jou lannwit sa a, wa a pa t' ka dòmi. Li fè yo
pote achiv gouvènman kote yo te ekri tou sa ki te pase
nan peyi a nan tan lontan. Li fè yo li ladan l' pou li. **2** Nan
sa yo li a, te gen yon pòsyon kote yo te rakonte ki jan
Madoche te dekouvri konplo de nan domestik konfyans
wa a, Bigtan ak Tèrèch, ki t'ap fè pòs devan chanm wa a,
te moute pou yo ansasinen wa a. **3** Wa a mande: -Kisa
yo te fè pou Madoche lè sa a? Kisa yo te ba li pou sa?
Mesye ki te la ap sèvi wa a reponn: -Yo pa t' fè anyen pou
li non. **4** Wa a mande: -Kilès nan chèf yo ki nan lakou
palè a? Lè sa a, Aman te fèk antre nan lakou palè a. Li te
vin mande wa a pou l' te fè pann Madoche nan poto li te
pare a. **5** Mesye yo reponn: -Aman la a wi! L'ap espere
ou nan lakou a. Wa a di: -Fè l' antre! **6** Lè Aman antre,
wa a di l' konsa: -Ki pi bèl bagay m' ta fè pou yon moun
mwen ta renmen remèsye pou sèvis li rann mwen. Aman
di nan kè l': Pa gen lòt moun wa a ta renmen remèsye
pase mwen menm! **7** Epi li di wa a: -Yon moun ou ta
renmen remèsye pou sèvis li rann ou! **8** Enben! Fè yo
pran yonn nan bèl rad ou konn mete sou ou yo pote l' bay
moun sa a. Pran chwal ou konn moute a ak tout kouwòn
lan sou tèt li. **9** Chwazi yonn nan pi gwo chèf ou yo, fè l'
al abiye moun sa a ak rad wa a. Lèfini, l'a fè l' moute sou
chwal la. Epi, l'a pwonmennen l' nan tout lavil la sou plas
piblik la. Pandan y'ap mache konsa, chèf la va di byen fò:
Men ki jan wa a remèsye moun pou sèvis yo rann li. **10**
Lè sa a, wa a di Aman: -Kouri al chache rad la ak chwal
la. Epi w'a fè tou sa ou di la a pou Madoche, nonm jwif la.
w'a jwenn li chita bò pòtay palè a. Pa bliye anyen nan sa
ou te di fè a. **11** Aman pran rad la ak chwal la, li mete
rad la sou Madoche. Li fè Madoche moute sou chwal la.
Epi, Aman pwonmennen l' sou plas piblik la. Pandan y'ap
mache konsa, li t'ap di byen fò pou tout moun tande: Men
ki jan wa a remèsye moun pou sèvis yo rann li. **12** Apre
sa, Madoche tounen tounen l' bò pòtay palè wa a. Aman
menm kouri al lakay li, li bouche figi l' sitèlman li te wont.
13 Li rakonte madanm li ak tout zanmi l' yo tou sa ki te
rive l'. Lèfini, Zerès, madanm li, ak zanmi l' yo ki te gen
bon konprann di l' konsa: -Si Madoche se yon jwif vre,
koulye a ou p'ap ka fè l' anyen. Ou konmanse pèdi pye
devan l'. Ou mèt sèten se li k'ap kraze ou. **14** Zanmi l'
yo t'ap pale toujou, lè domestik konfyans wa yo rive vin
chache Aman pou l' ale touswit nan fèt Estè te pare a.

7 Wa a te al nan fèt larenn Estè a ankò ansanm ak
Aman. **2** Pandan yo t'ap bwè diven, wa a mande Estè,
tankou premye jou a: -Di m' sa ou vle, m'ap ba ou li. Ou te
mèt mande m' mwatye nan peyi a, m'ap ba ou li! **3** Estè
reponn li: -Si wa a kontan avè m', si se plezi li pou li ban
mwen sa m' vle a, tanpri, sove lavi m' ansanm ak lavi pèp
mwen an. Se sa ase mwen mande ou. **4** Paske yo vann

nou, mwen menm ansanm ak tout pèp mwen an, pou yo
ka masakre nou, touye nou, disparèt nou nèt. Si se vann
yo te vann nou pou fè nou tounen esklav, mwen pa ta di
anyen, mwen pa ta deranje ou pou sa ase. Men, moun ki
pa vle wè nou an p'ap janm ka ranplase pèt l'ap fè ou fè
a. 5 Wa Asyeris mande larenn Estè: -Ki moun ki penmèt li
gen lide fè bagay konsa? Kote moun lan? 6 Estè reponn
li: -Moun ki pa vle wè nou an, moun k'ap pèsekite nou
an, se Aman, mechan sa a! Aman dekare, li pran tranble
devan wa a ak larenn lan. 7 Wa a leve bò tab la byen
move, li soti deyò al nan jaden palè a. Aman te konnen
wa a tapral pini l' pou sa l' fè a. Li rete pou l' mande larenn
lan fè pa l'. 8 Aman te fèk panche kò l' sou divan Estè a
pou mande l' padon lè wa a tounen antre soti nan jaden
an. Lè wa a wè sa, li di: -Koulye a, apa nonm lan soti pou
li fè kadejak sou larenn Estè, l'a devan je m', nan mitan
lakay mwen an! Wa a poko fin pale, nèg konfyans yo gen
tan kouvri tèt Aman. 9 Yonn ladan yo ki te rele Abona, di
konsa: -Aman te menm gen tan fè kanpe yon poto nan
lakou lakay li pou l' te pann Madoche ki te sove lavi wa a.
Poto a gen swasannkenz pye wotè. Wa a bay lòd pou yo
pann Aman ladan l'. 10 Se konsa yo pann Aman nan poto
li te pare pou Madoche a. Apre sa, kòlè wa a tonbe.

8 Menm jou sa a, wa Asyeris pran tout byen Aman yo,
nonm ki pa t' vle wè jwif yo, li fè larenn Estè kado.
Estè fè wa a konnen Madoche se fanmi li. Depi lè sa a,
Madoche te gen dwa parèt devan wa a. 2 Wa a wete bag
li te reprann nan men Aman an, li bay Madoche li. Estè
menm mete Madoche reskonsab tout byen Aman yo. 3
Apre sa, Estè al pale ak wa a ankò. Li lage kò l' nan pye l'
ap kriye. Li mande l' pou l' fè kichòy pou kraze vye konplo
Aman, moun laras Agag la, te moute sou do jwif yo. 4 Wa
a lonje baton an lò a bay Estè. Estè leve epi li di: 5 -Si sa
fè wa a plezi, si wa a kontan avè m', si se yon bagay li ka
fè, si mwen fè wa a plezi, tanpri, ekri yon lèt pou revoke
lòd Aman, pitit Amedata, moun laras Agag la, te bay pou
yo te touye dènye kras jwif toupatou nan peyi wa a. 6
Mwen p'ap ka rete konsa pou m' wè malè sa a ap tonbe
sou moun pèp mwen yo, pou m' wè y'ap touye tout fanmi
m' yo. 7 Wa Asyeris di Estè ak Madoche konsa: -Gade,
mwen fè pann Aman poutèt konplo li te moute sou do jwif
yo, lèfini, m' bay Estè tout byen li yo. 8 Men, depi yo bay
yon lòd piblik nan non wa a, avèk so wa a sou li, li pa ka
revoke. Tansèlman, nou menm, nou gen dwa ekri yon lèt
bay jwif yo nan non mwen avèk so mwen sou li. 9 Tou
sa te pase nan venntwazyèm jou twazyèm mwa a, mwa
Sivan an. Madoche fè chache tout sekretè wa yo, li di yo
tou sa pou yo mete nan lèt pou yo voye bay jwif yo, bay
gouvènè yo, bay prefè yo ak lòt chèf pèp yo, nan tout
sanvennsèt (127) pwovens yo, depi peyi Lend rive peyi
Letiopi. Lèt yo te ekri pou chak pwovens yo nan lang yo,
dapre jan yo ekri lang lan nan peyi a. Yo ekri lèt pou jwif
yo nan lang pa yo, dapre jan yo ekri lang pa yo a tou. 10
Madoche fè ekri lèt yo nan non wa a, epi li mete so wa a
sou yo. Yo renmèt lèt yo bay mesaje pote ale. Mesaje yo
te moute sou chwal yo te pran nan ekri wa a. 11 Dapre sa
ki te nan lèt yo, wa a te bay tout jwif yo pèmisyon pou yo
te òganize yo nan chak lavil peyi a pou yo te ka defann tèt
yo. Nenpòt moun lòt nasyon ki ta atake yo ak zam nan
nenpòt pwovens, se pou yo koresponn ak yo, se pou yo
masakre yo ansanm ak madanm yo ak pitit yo. Se pou yo
touye yo nèt ale, lèfini pou yo pran tout byen yo. 12 Se sa
pou jwif yo fè nan tout pwovens peyi wa Asyeris la, nan
trèzyèm jou douzyèm mwa a, ki vle di mwa Ada a. 13 Nan
chak pwovens, se pou yo te konsidere lèt la tankou yon
lwa. Se pou yo te pibliye l' pou tout moun te ka konnen
sa ki ladan l'. Jwif yo menm te pou pare pou yo te tire
revanj yo sou lènmi yo jou sa a. 14 Jan wa a te bay lòd
la, mesaje yo moute sou chwal wa yo, yo kouri pote lèt
yo ale. Yo te mache fè konnen lòd wa a nan lavil Souz,
kapital la, tou. 15 Madoche soti kite palè wa a. Li te gen
yon bèl rad ble e blan, tankou rad wa a, sou li, yon gwo
kouwòn lò sou tèt li ak yon manto koulè violèt sou zepòl li.
Tout moun lavil Souz te kontan, yo t'ap fè fèt. 16 Pou jwif
yo menm, se te yon gwo soulajman; yo te kontan, yo t'ap
fè fèt, se te yon bèl bagay pou yo. 17 Nan tout pwovens
yo, nan chak lavil yo, toupatou kote yo te li lèt wa a te
voye a, jwif yo pase jou a ap fè fèt, yo te kontan, yo fè
resepsyon, yo bay manje. Anpil moun lòt nasyon fè yo jwif
lè sa a, paske yo te pè jwif yo anpil.

9 Trèzyèm jou nan douzyèm mwa a, mwa Ada a, rive.
Se te jou pou yo te fè sa wa a te bay lòd fè a. Se te
jou moun ki pa t' vle wè jwif yo t'ap tann pou yo te kraze
yo. Men, sa ki pou te rive jou sa a, se pa sa ki rive. Se
jwif yo ki kraze moun ki te rayi yo. 2 Nan tout pwovens
peyi wa Asyeris la, jwif yo reyini nan katye yo nan chak
lavil. Yo òganize yo pou yo atake tout moun ki te vle fè yo
mal. Pèsonn pa t' ka kenbe tèt ak yo. Tout moun te pè
yo. 3 Sa ki pi rèd, tout gouvènè yo, tout prefè yo ak tout
anplwaye leta yo nan tout pwovens yo te pran pou jwif
yo, paske yo te pè Madoche anpil. 4 Nan tout peyi a,
tout moun te konnen jan Madoche te yon grannèg nan
palè wa a, chak jou li te vin gen plis pouvwa. 5 Jwif yo
tonbe sou tout lènmi yo ak kout nepe. Yo touye yo, yo
masakre yo. Yo fè sa yo vle ak moun ki pa t' vle wè yo. 6
Nan lavil Souz, kapital la menm, yo touye, yo masakre
senksan (500) moun. 7 Nan moun yo touye yo te gen
dis pitit gason Aman yo: Pachandat, Dalfon, Aspata, 8
Porata, Adalya, Aridata, 9 Pamachta, Arisayi, Aridayi ak
Vayzata. 10 Se te pitit gason Aman yo, pitit pitit Amedata
a, moun ki pa t' vle wè jwif yo. Men, jwif yo pa t' pran
anyen lakay moun yo. 11 Jou sa a, yo fè wa a konnen jwif
yo te touye senksan (500) moun nan lavil Souz, kapital la.
12 Wa a di larenn Estè konsa: -Nan lavil Souz ase, jwif yo
touye senksan (500) moun. Nan moun sa yo te gen dis
pitit gason Aman yo. Nou pa bezwen mande sa yo fè nan
pwovens yo. Kisa ou vle koulye a? M'ap ba ou li. Di m'
kisa ou vle m' fè, m'ap fè l'. 13 Estè reponn li: -Si sa fè
monwa plezi, li ta bay jwif ki nan lavil Souz yo otorizasyon

pou denmen yo fè menm jan yo te fè jòdi a. Lèfini, pou yo
pann kadav dis pitit gason Aman yo sou plas piblik. **14**
Wa a bay lòd pou yo fè sa vre. Yo fè piblikasyon nan tout
lavil Souz, epi yo pann kadav dis pitit gason Aman yo sou
plas piblik. **15** Nan katòzyèm jou moun Ada a, jwif lavil
Souz yo reyini ankò epi yo touye twasan (300) moun nan
lavil la. Men, lè sa a tou, yo pa t' pran anyen nan zafè
moun yo. **16** Nan pwovens yo menm, jwif yo te òganize
yo pou defann tèt yo. Yo fè lènmi yo ba yo lapè, yo touye
swasannkenzmil (75.000) moun ki pa t' vle wè yo. Men,
yo menm tou yo pa t' pran anyen nan zafè moun yo. **17**
Tou sa pase nan trèzyèm jou mwa Ada a. Nan denmen, ki
vle di nan katòzyèm jou mwa a, jwif nan pwovens yo pa t'
touye yon moun ankò. Se te jou yo t'ap fè fèt, jou yo t'ap
pran plezi yo. **18** Men, jwif lavil Souz yo te pran de jou,
trèzyèm jou ak katòzyèm jou nan mwa Ada a, pou yo te
touye lènmi yo. Nan kenzyèm jou mwa a, yo pa t' touye
yon moun ankò. Se jou sa a yo te fè fèt, se jou sa a yo
t'ap pran plezi yo. **19** Se poutèt sa, jwif k'ap viv nan ti
bouk yo, ki gaye nan tout pwovens yo, pran katòzyèm jou
mwa Ada a pou yon jou fèt, jou pou fè kè yo kontan, jou
pou yo pa travay. Se jou sa a yonn voye kado bay lòt. **20**
Madoche fè ekri tout bagay sa yo, lèfini li voye lèt bay tout
jwif ki te nan pwovens peyi wa Asyeris la, kit yo te pre, kit
yo te lwen. **21** Li voye di yo pou yo te toujou pran de jou
sa yo, katòzyèm ak kenzyèm jou nan mwa Ada a, pou
jou fèt chak lanne. **22** Se jou sa yo jwif yo te fè lènmi
yo ba yo lapè. Se mwa sa a sitiyasyon an te chanje pou
yo: yo te sispann gen lapenn, kè yo te kontan. Yo pa t'
dekouraje, yo t'ap fè fèt. Se pou yo te make jou sa yo
tankou jou pou fè fèt ak gwo resepsyon. Jou sa a, se pou
yo voye kado yonn bay lòt, se pou yo bay pòv yo kado
tou. **23** Se konsa, jwif yo pran abitid mete jou sa yo apa,
jan yo te konmanse fè l' la, dapre sa Madoche te ekri yo.
24 Aman, pitit gason Amedata, moun laras Agag, moun ki
pa t' vle wè jwif yo, te fè lide disparèt yo. Li te mande yon
divinò fè l' konnen ki jou ki ta pi bon pou detwi yo, pou
masakre yo. **25** Men, lè Estè al di wa a sa, wa a bay yon
lòt lòd. Se konsa malè Aman t'ap pare pou jwif yo, se sou
pwòp tèt li li tonbe. Yo pann ni li ni pitit gason l' yo byen
wo sou plas piblik. **26** Se poutèt sa yo rele jou fèt sa yo:
Pourim, dapre yon mo ansyen ki vle di: chans. Konsa,
dapre sa ki te nan lèt Madoche te voye ba yo a, lèfini
poutèt sa yo te wè ki te rive yo, **27** jwif yo make dat sa a
pou yo toujou fè fèt jou sa yo. Yo pran angajman pou yo,
pou pitit yo ak pitit pitit yo, ak pou tout moun ki ta vle fè yo
jwif, pou chak lanne lè de jou sa yo rive pou yo toujou fè
fèt jan Madoche te ekri l' la. **28** Yo bay lòd pou tout jwif
yo, nan tout branch fanmi, nan tout lavil, nan tout peyi
toujou chonje jou sa yo pou yo fè gwo fèt lè sa a, depi sa
ki la koulye a jouk ras la va kaba. Se pou jwif yo make jou
chans sa yo, pou yo pa janm bliye yo, lèfini pou pitit pitit
yo ka toujou chonje jou sa yo. **29** Apre sa, larenn Estè,
pitit fi Abikayil la, mete tèt ansanm ak Madoche, li ekri
yon lèt pou di jan li dakò. Se konsa, li bay premye lèt
Madoche te ekri sou jou chans sa yo plis fòs toujou. **30**
Yo voye lèt la bay tout jwif nan sanvennsèt (127) pwovens
peyi wa Asyeris la. Lèt la te mande pou jwif yo te viv ak
kè poze san fè kont. **31** Lèfini, li mande yo pou ni yo ni
pitit yo, ni pitit pitit yo, pou yo toujou fete jou chans sa yo
lè dat la rive, jan Madoche ak larenn Estè te bay lòd la,
menm jan yo te swiv lòd yo te bay pou fè jèn epi pou yo
te leve men yo nan syèl pou plenn sò yo. **32** Yo pran lèt
larenn Estè te ekri pou bay regleman jou chans sa yo plis
fòs la, yo ekri l' nan liv la.

10 Wa Asyeris te bay lòd pou tout moun ki rete nan
peyi a, ata moun nan zile yo, peye yon lajan. **2** Yo
ekri tou sa wa a te fè nan gwo liv istwa wa peyi Medi
ak peyi Pès yo. Yo di tout bèl bagay li te fè, jan li te yon
vanyan gason. Yo bay tout ti detay sou jan li te rive mete
Madoche nan gwo plas sa a. **3** Madoche, nonm jwif la, te
sèl chèf apre wa Asyeris. Tout jwif parèy li yo te respekte
l', yo te renmen l' anpil. Li te travay anpil pou byen pèp la,
li te vle pou tout moun nan ras jwif la viv ak kè poze.

Jòb

1 Te gen yon nonm yo te rele Jòb. Li te rete nan peyi
Ouz. Se te yon nonm san repwòch ki te mache dwat
nan tou sa l'ap fè. Li te gen krentif pou Bondye, li te toujou
ap chache fè sa ki byen. **2** Li te gen sèt pitit gason ak twa
pitit fi. **3** Li te gen sètmil (7.000) mouton, twamil (3.000)
chamo, mil (1.000) tèt bèf, senksan (500) fenmèl bourik. Li
te gen anpil anpil moun ap sèvi avè l'. Nonm sa a, se li ki
te pi grannèg nan peyi bò solèy leve a. **4** Pitit gason Jòb
yo te konn reyini yonn lakay lòt pou fè gwo resepsyon.
Konsa, yo chak te gen jou pa yo. Yo te toujou envite twa
sè yo vin manje, vin bwè ansanm ak yo tou. **5** Chak lè yo
fin fete konsa, Jòb fè yo tout vini lakay li. Nan maten,
anvan bajou kase, li leve, li boule ofrann bay Bondye pou
mande padon pou yo chak. Li te toujou fè sa, paske li t'ap
di nan kè l': Ou pa janm konnen. Pitit gason m' yo ka fè
peche, yo ka di sa yo pa t' dwe di sou Bondye, san yo pa
fè espre. **6** Yon jou tout zanj Bondye yo te reyini devan
Seyè a, Satan vini tou nan mitan yo. **7** Seyè a mande l'
konsa: -Kote ou soti? Satan reponn: -M' sot moute desann
toupatou sou latè. Mwen t'ap pwonmennen gade! **8** Seyè
a di Satan konsa: -Eske ou te wè Jòb, sèvitè m' lan? Pa
gen tankou l' sou tout latè. Se yon nonm san repwòch ki
mache dwat nan tou sa l'ap fè. Li gen krentif pou Bondye,
li toujou ap chache fè sa ki byen. **9** Satan reponn li: -Atò,
se pou gremesi Jòb gen krentif pou ou konsa a? **10** Ou
toujou pwoteje l', li menm, moun lakay li ansanm ak tou
sa li genyen. Ou beni tou sa l'ap fè. Bèt li yo plen peyi a.
11 Men, kite ou manyen byen li yo pou ou wè, m' garanti
ou, l'ap di sa l' pa t' dwe di sou ou nan figi ou! **12** Seyè a
di Satan: -Bon! Ou mèt fè sa ou vle ak byen l' yo. Men, m'
tou pale ou, li menm, pa manyen l'! Se konsa Satan vire
do l', li ale. **13** Yon jou, pitit gason ak pitit fi Jòb yo te
nan gwo resepsyon kay pi gran frè a. Yo t'ap manje, yo
t'ap bwè diven. **14** Yon mesaje kouri vin jwenn Jòb, li di l'
konsa: -Nou t'ap raboure tè ak bèf yo, fenmèl bourik yo
t'ap manje toupre, **15** lè yon bann moun Seba tonbe sou
nou, yo pran tout bèt yo, yo touye tout moun ou yo. Se
renk mwen menm ki resi chape vin di ou sa. **16** Msye pa t'
ankò fin pale lè yon lòt moun kouri vini. Li di konsa: -Loraj
tonbe sou mouton yo, li boule ni bèt yo ni gadò yo. Se
renk mwen menm ki resi chape vin fè ou konn sa. **17**
Msye pa t' ankò fin pale lè yon lòt moun rive, li di konsa: -
Twa bann moun Kalde tonbe sou chamo ou yo, yo pran
yo, y' ale ak yo. Yo touye tout moun ou yo. Se renk mwen
menm ki resi chape vin di ou sa. **18** Msye t'ap pale toujou
lè yon lòt moun vin rive, li di konsa: -Pitit gason ak pitit fi
ou yo t'ap manje, yo t'ap bwè diven lakay premye pitit
gason ou lan, **19** lè yon sèl gwo van tanpèt leve soti nan
dezè a. Li kraze kay la, li touye tout moun. Se renk mwen
menm ki resi chape vin di ou sa. **20** Lè Jòb tande sa, li
leve. Yon sèl lapenn pran l', li chire rad sou li, li koupe tout
cheve nan tèt li, li lage kò l' atè, li bese tèt li. **21** Epi li
di: -San anyen m' soti nan vant manman m'. San anyen
m'ap tounen anba tè. Seyè a bay! Seyè a pran! Lwanj pou
Seyè a! **22** Malgre tout malè sa yo ki te rive l', Jòb pa t'
fè ankenn peche, ni li pa janm di sa li pa t' dwe di sou
Bondye.

2 Yon jou tout zanj Bondye yo te reyini devan Seyè a,
Satan vini tou nan mitan yo. **2** Seyè a mande l': -
Kote ou soti? Satan reponn: -Mwen sot moute desann
toupatou sou latè, mwen t'ap pwonmennen gade. **3** Seyè
a di Satan konsa: -Eske ou te wè Jòb, sèvitè m' lan? Pa
gen tankou l' sou tout latè. Se yon nonm san repwòch ki
mache dwat nan tou sa l'ap fè. Li gen krentif pou Bondye,
li toujou ap chache fè sa ki byen. Se koulye a li kenbe m'.
Ou wè se pou gremesi ou t'ap pouse m' pou m' te fini avè
l'. **4** Satan reponn li: -Lavi miyò pase byen! Yon moun va
bay tou sa li genyen pou l' pa mouri. **5** Men, si ou manyen
kò pa l' menm, ou mèt sèten fwa sa a, l'ap di sa li pa t'
dwe di sou ou nan figi ou. **6** Seyè a di Satan konsa: -Ou
mèt fè sa ou vle avè l'. Men, pa touye l' pou mwen. **7**
Lamenm, Satan vire do l', li ale. Li fè gwo bouton pete sou
tout kò Jòb, depi anba pla pye l' jouk nan po tèt li. **8** Lè sa
a, Jòb soti, li al chita nan pil sann kote yo boule fatra. Li
pran yon moso krich kraze pou grate kò l'. **9** Madanm li di
l' konsa: -Ou nan kenbe pye Bondye fèm toujou? Joure l'
byen joure, epi mouri mouri ou kont fini! **10** Jòb di li: -Pe
bouch ou la, madanm! W'ap pale tankou moun fou! Lè
Bondye ban nou benediksyon, nou kontan. Atò poukisa
pou nou plenyen lè li voye malè sou nou? Malgre tou sa ki
te rive l', Jòb pa t' kite ankenn move pawòl soti nan bouch
li pou li fè peche kont Bondye. **11** Twa nan zanmi Jòb yo
vin konnen tout malè ki te tonbe sou li. Yo kite peyi yo,
yo vin wè Job. Se te Elifaz, moun Teman, Bildad, moun
Chwak, epi Sofa, moun Naama. Yo fè lide vin ansanm pou
plenn sò li epi pou ba li kouraj. **12** Yo te yon bèl ti distans
toujou lè yo wè Jòb. Yo pa t' rekonèt li. Lè yo rekonèt li,
dlo vin nan je yo, yo konmanse rele, yo kriye. Yo chire rad
sou yo, yo voye pousyè tè sou tèt yo tèlman sa te fè yo
lapenn. **13** Apre sa, yo chita atè a bò kot Jòb pandan sèt
jou sèt nwit san di yon mo, paske yo te wè jan l'ap soufri.

3 Bout pou bout, Jòb louvri bouch li, li pran madichonnen
jou l' te fèt la. **2** Li di konsa: **3** -Se pou Bondye efase
jou m' te fèt la. Se pou l' efase jou lannwit m' te konmanse
devlope nan vant manman m' lan. **4** Fè jou sa a tounen
fènwa, Bondye! Kote ou chita anwo a, pa janm chonje jou
sa a ankò. Pa janm kite limyè solèy klere l'. **5** Se pou
fènwa anvayi jou sa a. Se pou nwaj kouvri l' nèt. Se pou
lonbraj lanmò bouche l' nèt. **6** Jou lannwit sa a, se pou
fènwa pran l' pou li nèt. Se pou l' disparèt nèt nan lanne a
pou yo pa janm konte l' nan almanak ankò. **7** Se pou jou
lannwit sa a fè cheve nan tèt moun kanpe, pou yo pa
tande pèsonn ap ri! **8** Se pou chòche yo bay jou lannwit
sa a madichon, yo menm ki konn ki jan pou yo eksite
levyatan an! **9** Pa kite gwo zetwal devanjou a klere jou sa
a. Pa janm fè bajou kase pou li, pou l' pa janm wè solèy
leve. **10** Paske li pa t' enpoze m' soti nan vant manman

m', li pa t' egzante m' tout soufrans sa yo. **11** Poukisa
mwen pa t' mouri depi nan vant manman m'? Poukisa
mwen pa t' tou mouri nan pasaj kite sa? **12** Poukisa mwen
te jwenn yon manman ki pran m' sou jenou li epi ki ban m'
tete? **13** Si m' te mouri, atò konsa mwen pa ta nan tout
lapenn sa a. Mwen ta kouche yon kote ap dòmi ak kè
poze, **14** ansanm ak wa yo ak gwo chèf yo, ki fè bati gwo
tonm pou yo nan mitan dezè. **15** Mwen ta kouche ap dòmi
ansanm ak chèf ki te gen kay yo plen lò ak ajan. **16** Ou
ankò, mwen ta tankou yon timoun ki fèt anvan tèm, tankou
timoun ki fèt tou mouri. **17** Kote yo ye anba tè a, mechan
yo sispann bay kò yo mouvman. Anba tè a, sa ki bouke
travay ap poze kò yo. **18** Anba tè a, tout prizonye gen kè
poze. Yo p'ap tande vwa majò prizon an nan zòrèy yo. **19**
Anba tè a, se menm bagay pou grannèg kou malere. Ata
esklav pa gen mèt ankò! **20** Poukisa, Bondye, ou kite
moun ki nan mizè ap viv? Poukisa ou bay moun ki nan
gwo lapenn lavi? **21** Y'ap tann lanmò konsa. Men, lanmò
pa vini! Yo ta pito lanmò pase nenpòt gwo richès! **22** Yo
pa gen kè kontan toutotan yo pa mouri, toutotan yo pa ale
anba tè. **23** Yo pa konn sa pou yo fè. Bondye sènen yo
kote yo pase. **24** Mwen pa ka manje. Se plenn m'ap plenn.
M'ap soufri, dlo nan je m' tankou larivyè k'ap koule. **25** Sa
m' pè rive m' lan, se li k'ap rive m'. Sa m' pa ta vle wè a,
se li ki tonbe sou mwen. **26** Kè m' pa poze. Tèt mwen pa
la. Mwen pa ka dòmi. Se soti nan ka tonbe nan ka.

4 Elifaz, moun Teman an, pran lapawòl, li di konsa: **2**
-Jòb, si m' pale avè ou, ou p'ap fache, vye frè? Mwen
pa ka pa pale. **3** Yon lè, se ou ki te konn moutre moun
anpil bagay, se ou ki te konn bay moun fòs lè yo fèb. **4**
Pawòl nan bouch ou te yon ankourajman pou moun ki
te dekouraje. Ou te ede yo kanpe sou de pye yo ankò.
5 Koulye a, paske se tou pa ou, ou pèdi tèt ou. Malè
tonbe sou ou, w'ap depale. **6** W'ap sèvi Bondye, ou fèt
pou genyen l' konfyans. Ou mennen bak ou byen, ou
pa fèt pou dekouraje. **7** Repase tèt ou byen. Ou janm
konnen yon inonsan ki mouri mal? Ou janm wè yo touye
yon moun ki mache dwat? **8** M'ap di sa m' wè ak je m':
Moun ki kouve mechanste nan kè yo epi k'ap mache bay
moun lapenn, se mechanste ak lapenn yo rekòlte. **9** Lè
Bondye fache, li soufle sou yo, yo mouri. Lè van tanpèt
Bondye a leve, yo disparèt. **10** Mechan yo rele kou lyon,
yo gwonde kou bèt sovaj. Men, Bondye fèmen bouch yo,
li kase dan nan bouch yo. **11** Yo mouri tankou lyon ki pa
jwenn bèt pou yo manje. Tout pitit yo gaye nan bwa. **12**
Yon lè, mwen tande Bondye t'ap pale tou dousman nan
zòrèy mwen. Mwen pa t' fin tande nèt sa li t'ap di. **13**
Tankou yon move rèv nan mitan lannwit, li mete yon bann
vye lide nan tèt mwen. M' pa ka dòmi tèlman mwen pè.
14 Mwen pran tranble, mwen santi yon frison mache nan
tout kò m'. Tout zo nan kò m' ap krake. **15** Yon souf pase
bò figi m', tout cheve nan tèt mwen kanpe. **16** Mwen rete
konsa mwen wè yon moun kanpe devan m'. Mwen pa t'
rekonèt ki moun li ye. Men, fòm moun lan te la devan
je m'. Mwen pa tande yon ti bri menm. Apre sa, mwen
tande yon vwa ki t'ap pale tou dousman, li t'ap di: **17** Ki
moun ki ka di li mache dwat devan Bondye? Ki moun ki
san repwòch devan Bondye ki kreye l' la? **18** Bondye
pa janm fin fye sèvitè l' yo nèt. Ata zanj li yo, li jwenn
bagay pou l' repwoche yo. **19** Ale wè atò pou moun ki fèt
ak labou, pou moun ki soti nan pousyè tè, pou moun yo
kapab kraze tankou poudbwa! **20** Yon sèl jou kont pou yo
tounen pousyè, yo disparèt nèt. Pesonn pa wè sa. **21** Yo
rete konsa yo kase kòd. Yo mouri san yo pa janm rive fin
gen bon konprann.

5 Rele non, Jòb! W'a wè si gen moun k'ap reponn ou! Ak
kilès nan zanj Bondye yo ou ta vle pale? **2** Se moun
fou ki kite chagren ap minen yo. Se moun sòt ki kite move
san touye yo. **3** Mwen menm, mwen wè moun fou ki te
kwè zafè yo bon. M' rete konsa, mwen wè madichon tonbe
sou kay yo. **4** Pitit yo pa ka jwenn yon moun pou pwoteje
yo. Pa gen pesonn pou pran defans yo nan tribinal. **5** Se
moun grangou ki pral manje rekòt jaden yo. Yo pral pran
ata sa ki donnen nan raje pikan. Se moun akrèk ki pral
mete men sou tout byen yo. **6** Non. Lafliksyon pa tonbe
sou moun konsa konsa. Ni moun pa rete konsa pou l'
tonbe anba soufrans. **7** Menm jan tensèl dife fèt pou vole,
konsa tou, moun fèt pou soufri. **8** Si m' te nan plas ou,
Job, se Bondye m' ta rele. Mwen ta mete sitiyasyon an
devan l'. **9** Se li menm ki fè yon bann bèl bagay nou pa
ka fin konprann, yon dal mèvèy nou pa ka fin konte. **10** Li
voye lapli sou latè, li wouze tout jaden. **11** Moun ki t'ap
mache tèt bese yo, se li menm ki fè yo leve tèt yo. Se li
menm ki konsole moun ki te nan lapenn yo. **12** Li gate
mannigèt bakoulou yo. Li pa janm kite yo rive fè sa yo te
mete nan tèt yo. **13** Li pran moun entelijan yo nan pèlen
yo te tann. Li pa kite mètdam yo reyalize plan yo te fè.
14 Gwo lajounen y'ap bite tankou nan fènwa. Gwo midi,
y'ap tatonnen tankou nan mitan lannwit. **15** Men, Bondye
sove pòv la anba dan yo. Li delivre malere anba ponyèt
grannèg k'ap peze yo. **16** Li bay pòv yo espwa. Li fèmen
bouch mechan yo. **17** Ala bon sa bon pou yon moun lè
Bondye ap korije l'! Lè Bondye ki gen tout pouvwa a ap
pini ou, pa pran sa an jwèt! **18** Lè li blese ou, se li menm
ankò k'ap mete renmèd pou ou. Lè li frape ou, se li menm
ankò k'ap geri ou. **19** Lapo delivre ou nan tout move pa.
Ankenn malè p'ap tonbe sou ou. **20** Nan grangou, li p'ap
kite ou mouri. Nan lagè, li p'ap kite yo touye ou. **21** L'a
pwoteje ou anba kout lang. Ou p'ap bezwen pè lè w'a wè
gwo malè ap pwoche. **22** W'a pase ni malè ni grangou
nan rizib. Ou p'ap pè bèt nan bwa. **23** Jaden w'ap travay
yo p'ap gen wòch ladan yo. Bèt nan bwa p'ap janm atake
ou. **24** Lè sa a, w'a viv ak kè poze lakay ou. Lè w'a vizite
pak zannimo ou yo, w'a kontan. **25** W'a gen anpil pitit. Y'a
pouse tankou plant nan jaden. **26** Menm jan se lè mayi fin
mi yo kase l', konsa tou se lè ou fin vye granmoun, w'a
mouri. **27** Jòb monchè, nou te kalkile sou bagay sa yo
anpil. Se konsa sa ye, tande. Pa fè tèt di. Asepte verite a.

6 Jòb pran lapawòl, li di konsa: **2** -Si yo te ka pran pèz
lapenn mwen, si yo te ka peze tout malè mwen yo
nan balans, **3** yo ta jwenn yo pi lou pase tout sab ki bò
lanmè. Lè sa a, nou pa ta sezi tande m' pale jan m'ap
pale a. **4** Bondye ki gen tout pouvwa a plante flèch li yo
sou mwen. Pwazon yo a anvayi tout kò m'. Bondye voye
sou mwen tout kalite malè pou fè kè m' kase. **5** Bourik
mawon pa ranni lè li gen zèb pou l' manje. Ni bèf pa
rele lè li gen manje devan l'. **6** Moun pa manje manje ki
san gou, manje ki san sèl. Blan ze pa gen bon gou nan
bouch. **7** Mwen pa menm gen apeti pou bagay konsa.
Tou sa mwen manje fè kè m' tounen. **8** Si Bondye te ka
ban mwen sa m' mande l' la! Si li te ka fè m' jwenn sa
m'ap tann lan! **9** Si sèlman sa ta fè l' plezi pou l' touye m'!
Si li ta vle lonje men l' pou l' disparèt mwen! **10** Se ta va
yon gwo konsolasyon pou mwen. Malgre tout soufrans
mwen yo, mwen ta danse, mwen ta fè fèt, paske mwen
konnen mwen pa janm dezobeyi lòd Bondye ki apa a bay.
11 Mwen pa gen fòs pou m' tann ankò. Pa gen ankenn
espwa pou mwen. Sa m' bezwen viv toujou fè? **12** Se
pa wòch mwen ye. Se pa bout fè kò m' ye. **13** Mwen pa
gen fòs ankò pou m' kenbe. Kote m' vire, mwen pa jwenn
sekou. **14** Nan tray m'ap pase koulye a, mwen bezwen
bon zanmi ki pou soutni m', menm si mwen ta vire do bay
Bondye. **15** Men, frè m' yo, nou p'ap di m' anyen la a.
Nou tankou ravin chèch ki pa gen dlo depi lapli pa tonbe.
16 Nan sezon fredi, lè lanèj ap fonn, yo plen dlo sal ki
frèt kou glas. **17** Men, nan sezon lesèk, pa yon gout dlo!
Chalè solèy la cheche yo nèt. **18** Bann vwayajè yo kite
chemen yo pou y' al dèyè dlo. Yo pèdi nan dezè a. Yo
mouri. **19** Vwayajè ki soti nan peyi Cheba ak nan peyi
Saba ap touye tèt yo chache dlo. **20** Yo pa ka jwenn.
Rive devan ravin lan, yo pa konn sa pou yo fè. **21** Wi,
mezanmi. Nou tankou yon ravin chèch pou mwen. Nou
wè nan ki eta mwen ye, nou pè, n'ap renka kò nou dèyè.
22 Eske m' te mande nou pou nou fè m' kado kichòy?
Osinon pou nou fè yon moun kado pou mwen nan sa
nou genyen? **23** Eske mwen te mande nou pou nou vin
wete m' anba grif yon lènmi, osinon pou nou delivre m'
anba men yon moun k'ap fè m' soufri? **24** Bon. Pale avè
m'. Si m' antò, fè m' wè kote m' antò a. Lè sa a, m'a pe
bouch mwen. M'a koute nou. **25** Pawòl ki pale verite bon
pou tande. Men, m' pa wè sa nou vle di m' la a. **26** Ou di
mwen fin dekouraje. Se depale m'ap depale. Poukisa atò
w'ap kritike pawòl mwen yo konsa? **27** Konsa tou, ou ta
rive jwe lajan sou tèt timoun san papa. Ou ta fè lajan sou
tèt bon zanmi ou. **28** Koulye a, monchè, tanpri, gade m'
nan je. Mwen p'ap ba ou manti. **29** Tounen non! Pa fè m'
lenjistis sa a! Tounen, mwen di ou. Se kòz mwen m'ap
defann. **30** Eske se manti m'ap bay? Dapre nou, mwen pa
konnen sa ki byen ak sa ki mal?

7 Lavi yon nonm sou latè, se tankou sèvis militè l'ap
fè. Li tankou moun k'ap vann jounen! **2** Li tankou yon
esklav k'ap tann lannwit pou l' poze, tankou yon travayè
k'ap tann kòb jounen travay li. **3** Depi kèk mwa, m' pa wè
poukisa m'ap viv. Tout lannwit se soufri m'ap soufri. **4** M'
poko kouche nan kabann mwen, m'ap mande kilè pou l'
jou. Nwit la long. M' pa ka dòmi, yon bann vye lide ap
pase nan tèt mwen jouk solèy leve. **5** Tout kò m' plen vè
ak gwo plak bouton toupatou. Po m' fann fann, l'ap bay
postim. **6** Jou m' yo pase pi vit pase zegwi nan men moun
k'ap maye senn. Yo disparèt, pa gen anyen m'ap tann
ankò. **7** Bondye o! Pa bliye, lavi m' tankou yon nwaj k'ap
pase. Lè m'a fèmen je m', mwen p'ap janm kapab jwi lavi
a ankò. **8** Ou wè m' koulye a, men ou p'ap janm wè m'
ankò. W'a chache m', ou p'ap jwenn mwen. **9** Tankou yon
nwaj ki ale nèt, ki disparèt, lè yon moun mouri, pa gen
leve pou li ankò. **(Sheol h7585)** **10** Li p'ap janm tounen
lakay li. Moun lakay li tou bliye l'. **11** Se poutèt sa, m'
pa ka pa pale. Kè m' sere. Kite m' pale pale m'. Lapenn
kaye nan kè m'. Kite m' plenyen plenyen m'. **12** Poukisa
ou mete moun veye m' konsa? M' pa lanmè. M' pa gwo
bèt lanmè. **13** M' te di nan kè m': M' pral lage kò m' yon
kote. M'a pran yon ti kanpo. Si m' dòmi, m'a jwenn yon ti
soulajman! **14** Men, ou fè m' fè yon bann vye rèv k'ap fè
m' pè. M'ap fè yon bann vye vizyon k'ap fè m' tranble. **15**
Lè konsa, pito moun te trangle m'. Pito m' te mouri pase
pou m' soufri tout doulè sa yo. **16** Se fini m'ap fini. Fòk
mwen mouri yon jou! Kite m' pou kont mwen. Lavi m' prèt
pou bout! **17** Kisa lèzòm ye pou ou pran ka yo konsa?
Kisa yo ye menm pou w'ap okipe yo konsa? **18** Chak
maten ou pase wè jan yo ye. Chak lè, w'ap gade nan fon
kè yo, w'ap sonde yo. **19** Kilè w'a sispann gade m'? Ban
m' yon ti souf non kont pou m' vale krache m'! **20** Si m' fè
peche, kisa m' fè ou? Di m' non, ou menm k'ap veye tou
sa moun ap fè? Poukisa w'ap plante tout flèch ou yo nan
kò m' konsa? Poukisa ou fè m' tounen yon chay pou ou?
21 Se sipòte ou pa ka sipòte ankò sa mwen fè ki mal? Se
padonnen ou pa ka padonnen peche m' yo? Talè konsa
mwen pral anba tè. W'a chache m', ou p'ap jwenn mwen
ankò.

8 Lè sa a, Bildad, moun peyi Chwa a, pran lapawòl, li di
konsa: **2** -Kilè w'a sispann pale jan w'ap pale a? Se bri
ase w'ap fè tankou kalbas gran bouch! **3** Bondye pa nan
lenjistis. Bondye ki gen tout pouvwa a ap toujou fè sa ki
dwat. **4** Si pitit ou yo te dezobeyi lòd li yo, li fè yo peye sa
yo fè a. **5** Ou menm menm, rele Bondye. Lapriyè nan pye
Bondye ki gen tout pouvwa a. **6** Si li pa gen anyen pou l'
repwoche ou, si ou toujou mache dwat devan li, lè sa a,
ou mèt sèten, l'a fè kichòy pou ou, l'ap renmèt ou tou sa
ou te genyen. **7** Tou sa ou te gen anvan an p'ap anyen
devan sa Bondye pral ba ou a. **8** Chache konnen sa ki te
pase nan tan lontan. Gade sa ki te rive zansèt nou yo. **9**
Nou menm, nou se moun ayè. Nou pa konn anyen. Se
pase n'ap pase sou tè a. **10** Men, granmoun tan lontan
yo va moutre ou anpil bagay. Y'a pale avè ou. Tande sa
y'ap di ou. **11** Se nan marekay ou jwenn jon. Wozo pa
pouse kote ki pa gen dlo. **12** Nan tan chechrès, li te mèt
tou piti, tou vèt, lè lesèk tonbe, anvan menm yo koupe l',
premye zèb ki fennen se li menm. **13** Se menm bagay la

tou pou moun ki bliye si gen Bondye. Moun ki vire do bay
Bondye p'ap jwenn sa y'ap tann lan. 14 Konfyans yo pa
chita sou anyen. Se tankou si y'ap apiye sou bwa pouri.
15 Si yo panche sou li, li ale. Si yo kenbe l' fò, y'ap blayi
atè ansanm avè l'. 16 Mechan yo pouse tankou move zèb
nan solèy. Yo pran tout jaden an pou yo. 17 Rasin yo
mache nan mitan tout fant wòch yo. Se la yo jwenn sa yo
bezwen pou yo viv. 18 Rache ou rache yo pa gen moun ki
pou konnen kote yo te ye a. 19 Talè konsa, l'ap pouri
bò chemen an. Se lòt k'ap pouse nan plas li. 20 Non,
monchè! Bondye pa janm lage moun ki kenbe pye l' fèm.
Ni li pa janm lonje men l' pou l' soutni mechan yo. 21 L'a
fè kè ou kontan ankò, bouch ou pral chante bèl chante
pou li. 22 Men, l'ap fè moun ki pa vle wè ou yo wont.
Fanmi mechan yo va disparèt.

9 Lè sa a, Jòb pran lapawòl, li di konsa: 2 -Wi, mwen
konnen se konsa sa ye. Men, ki jan pou yon moun ka
gen rezon devan Bondye? 3 Si li vle plede ak Bondye,
Bondye ap mande l' venmil keksyon, li p'ap ka reponn
yonn menm. 4 Bondye sitèlman gen bon konprann, li
sitèlman gen fòs, pa gen moun ki ka kenbe tèt avè l' pou
yo pa peye sa. 5 Li deplase mòn yo lè lide l' di l'. Lè li an
kòlè, li voye yo jete byen lwen. 6 Bondye fè tè a tranble
kote l' chita a. Li souke poto ki soutni l' yo. 7 Li annik
bay yon lòd, epi solèy la pa leve. Li fè zetwal yo pa klere
lannwit. 8 Li te pou kont li lè li t'ap louvri syèl la anwo tè
a. Li mache sou lanmè a jan li vle. 9 Se li ki fè zetwal
yo: Gwo Kabwèt la, Oryon, Lapousiyè ak zetwal Sid yo.
10 Se li menm ki fè yon bann bèl bagay nou pa ka fin
konprann, yon dal mèvèy nou pa ka fin konte. 11 Bondye
te mèt ap pase toupre m', mwen pa ka wè l'. Li glise kò
l', li ale. 12 Li pran sa l' bezwen. Pa gen moun ki pou
enpoze l' fè l'. Pa gen moun ki ka penmèt yo mande l':
Sa w'ap fè la a? 13 Bondye pa ka kenbe kòlè l' ankò! Li
fè tout patizan Raab yo bese tèt devan li. 14 Se mwen
menm atò ki pou ta kenbe tèt avè l'? Se mwen menm atò
ki pou ta plede avè l'? 15 Menm si m' te gen rezon, sa m'
bezwen defann tèt mwen fè? Se li k'ap jije m', se padon
ase pou m' mande l'. 16 Menm si li ta reponn mwen lè
m' rele l', mwen pa kwè li ta koute sa m'ap di l'. 17 Li
rete konsa li kraze m' pou anyen. Li blese m' nan tout
kò m', san m' pa fè anyen. 18 Li pa ban m' tan pou m'
pran yon ti souf menm. Li voye malè sou mwen yonn apre
lòt. 19 Mwen ta seye fè fòs avè l'? Fòs, se nan men l' sa
ye. Mwen ta rele l' tribinal? Ki jij ki va voye manda ba
li? 20 M' te mèt gen rezon, pawòl nan bouch mwen ap
kondannen m'. M' te mèt inonsan, tou sa m'ap di ap ban
m' tò. 21 Eske m' inonsan? M' pa menm ka di sa. Lavi pa
di m' anyen ankò! 22 Si gen yon bagay m' ka di: inonsan
ou koupab, se menm bagay. Bondye ap toujou detwi nou.
23 Si yon malè konmanse ap simen lanmò, inonsan te mèt
ap rele, Bondye ri sa. 24 Lè yon peyi tonbe anba men
moun ki mechan, Bondye bouche je tout jij yo. Si se pa li
ki fè sa, ki moun ki pou fè l'? 25 Jou yo pase pou mwen pi
vit pase dlo larivyè. Pa gen yonn ki ban m' kè kontan. 26
Yo kouri tankou bwa fouye sou larivyè, tankou malfini k'ap
plonje sou ti poul. 27 Si mwen di: Bon. M' p'ap plenyen
ankò. M'ap chanje figi m', m'ap fè yon ti ri, 28 soufrans yo
vin pi rèd sou mwen. Mwen pè, paske mwen konnen pou
Bondye mwen pa inonsan. 29 Si m' antò, sa m' bezwen
bat kò m' pou gremesi fè? 30 Pa gen dlo ki ka lave m'. Pa
gen savon ki ka blanchi m'. 31 Bondye voye m' jete nan
yon pil fatra. Ata rad m' pa ka mete sou mwen. 32 Men,
Bondye pa yon moun tankou m'. M' pa ka diskite avè l'.
Nou pa ka al lajistis. 33 Pa gen moun ki ka mete ola nan
koze a. Pa gen moun ki ka jije m' ansanm avè l'. 34 Pa
gen moun ki ka kenbe men l' pou li sispann fè m' pè. 35
Men, mwen pa pè l'. M'ap pale, paske se mwen ki konnen
sa ki nan kè m'.

10 M' degoute ak lavi a. M' pa ka kenbe ankò. Kite
m' plenn sò mwen! Kite m' di tout lapenn ki nan kè
mwen! 2 M'a di Bondye: Tanpri, pa kondannen m'. Fè m'
konnen poukisa ou leve dèyè m' konsa. 3 Eske ou gen
rezon pou ou fè m' tou sa w'ap fè m' lan, pou ou meprize
sa ou fè ak men ou, pou ou ri lè mechan yo ap fè konfyolo
yo? 4 Eske ou wè sa k'ap fèt sou latè tankou nou menm
moun nou wè l' la? 5 Lavi ou pa tankou lavi pa nou. Nou
gen pou nou mouri, ou menm w'ap toujou la. 6 W'ap
chache dènye ti peche moun fè. Ou dèyè pou ou konnen
tou sa mwen fè ki mal. 7 Ou konnen m' pa antò. Pa gen
moun ki ka sove m' anba men ou! 8 Se ak men ou ou te
fè m'. Se avè l' ou te ban m' fòm mwen. Epi se ak menm
men sa yo ou vle detwi m' ankò? 9 Chonje se ou menm ki
fè m' ak labou tè wouj. Koulye a, ou pral kraze m' fè m'
tounen pousyè? 10 Se ou menm ki bay papa m' fòs pou li
fè m'. Ou fè m' devlope nan vant manman mwen. 11 Ou
fè tout zo ak tout venn nan kò m'. Ou kouvri yo ak vyann
epi ak po. 12 Lèfini, ou fè m' kado lavi. Ou veye avèk
prekosyon pou m' pa mouri. 13 Men, ou te gen yon lòt lide
dèyè tèt ou. Koulye a, mwen konnen ou te pare yon lòt
bagay pou mwen. 14 Ou t'ap veye m' pou wè si m' t'ap fè
sa m' pa t' dwe fè. Ou pa t'ap kite anyen pase pou mwen.
15 Si m' antò, zafè m' pa bon! Mwen te mèt inonsan, m'
pa ka leve tèt devan ou. Mwen wont, se yon pòv malere
mwen ye devan ou. 16 Si m' leve tèt mwen, ou fann dèyè
m' tankou yon lyon dèyè bèt pou l' manje. Ou rive fè mirak
pou ou ka fè m' lapenn. 17 Ou toujou pare pou fè yon
atak sou mwen. Chak jou w'ap vin pi ankòlè. Se san pran
souf w'ap voye lafliksyon sou mwen yonn apre lòt. 18
Bondye, poukisa ou te kite m' soti nan vant manman m'?
Mwen ta mouri anvan pesonn ta wè m'. 19 Soti nan vant,
ale nan simityè, se tankou si m' pa t' janm fèt. 20 Mwen
pa rete lontan pou m' viv ankò. Kite m' pou kont mwen!
Ban m' yon ti kanpo. Kite m' jwi de twa jou ki rete m' yo
non! 21 Talè konsa mwen prale pou m' pa janm tounen.
Mwen prale nan peyi kote ki fè nwa a, kote moun pè a, 22
nan peyi kote se fènwa ak dezòd ase ki gen toutan, kote
menm gwo lajounen fè nwa tankou lannwit!

11 Lè sa a, Sofa, moun Naama a, pran lapawòl, li di
konsa: **2** -Atò pesonn p'ap reponn gwo paladò sa
a? Pale anpil pa ka bay moun rezon. **3** Pa konprann pale
anpil ou a ka enpoze moun louvri bouch yo reponn ou.
Paske w'ap pase moun nan betiz la, atò yo pa ka fè ou
wont? **4** Ou pretann sa ou di a se verite. Pou ou, ou san
repwòch devan Bondye! **5** Pa pito Bondye ta pale pou l'
reponn ou! **6** Li ta fè ou wè gen anpil lòt bagay ou poko
konnen, bagay moun pa ka konprann. Lè sa a, ou ta wè
Bondye pa fè ou peye pou tou sa ou fè. **7** Ou konprann
ou ka konnen sa ki nan kè Bondye, ou ka konnen tout
bagay nèt sou Bondye ki gen tout pouvwa a? **8** Li pi wo
pase syèl la. Sa ou ka fè pou sa? Li pi fon pase peyi kote
mò yo ye a. Sa ou ka konnen la? **(Sheol h7585)** **9** Li pi long
pase longè tout tè a. Li pi laj pase lanmè a. **10** Si Bondye
arete ou, li mete ou nan prizon, li trennen ou nan tribinal,
ki moun ki ka di l' non? **11** Bondye konnen tout moun k'ap
bay manti. Je l' byen louvri, li wè tout mechanste moun
ap fè. **12** Konsa, moun fou va konmanse gen konprann.
Bourik sovaj yo va donte. **13** Annou wè, monchè! Pran tèt
ou! Louvri bra ou devan Bondye. **14** Sispann fè vye bagay
k'ap sal men ou yo. Pa kite mechanste chita lakay ou. **15**
Lè sa a, w'a leve tèt ou pou gade moun nan je. W'a byen
fèm, ou p'ap pè anyen. **16** W'a bliye lapenn ou yo. Tankou
yon inondasyon ki fin pase, ou p'ap chonje yo ankò. **17**
Lavi ou pral klere pi bèl pase gwo solèy midi. Move pa yo
pral tankou yon douvan jou. **18** Ou pral viv san kè sote.
Ou p'ap dekouraje. Bondye va pwoteje ou, l'a ba ou kè
poze. **19** Lè w'ap dòmi, pesonn p'ap deranje ou. Anpil
moun va vin achte figi ou. **20** Men, mechan yo ap voye je
yo bouske toupatou, yo p'ap jwenn kote pou yo chape kò
yo. Sèl espwa yo, se lanmò y'ap tann.

12 Jòb pran lapawòl, li di: **2** -Apa nou k'ap pale pou
pèp la! Mouri nou mouri, bon konprann kaba! **3**
Men, mwen menm tou, mwen gen lespri menm jan avè
nou. Mwen pa pi mal pase nou. Sa nou sot di la a, tout
moun konnen l'. **4** Koulye a, menm zanmi m' ap pase m'
nan rizib. Y'ap ri m', mwen menm yon moun Bondye pa
gen anyen pou l' repwoche, yon moun Bondye te konn
reponn lè m' rele l'. **5** Se konsa, moun ki pa nan pwoblèm
meprize moun ki nan lafliksyon. Yo wè yon moun k'ap
tonbe, yo ba l' bourad fè l' tonbe pi vit. **6** Piyajè yo byen
trankil lakay yo. Moun k'ap fè Bondye fache yo ap viv
alèz. Bondye yo se fòs ponyèt yo. **7** Manyè fè ti koze
ak zannimo yo, ak zwezo yo. Yo gen anpil bagay pou
yo moutre nou. **8** Bèt k'ap trennen sou vant va ban nou
leson, pwason nan lanmè va di nou sa yo konnen. **9** Pa
gen yonn ladan yo ki pa konnen se Bondye ki fè tout
bagay ak men li. **10** Bondye gen nanm tout sa ki vivan
nan men li. Wi, lavi tout moun nan men li. **11** Bèl pawòl
fè plezi zòrèy menm jan bon manje gou nan bouch. **12**
Yo di se vye granmoun ki gen konesans, se laj ki bay
bon konprann. **13** Men, Bondye gen konesans, lèfini li
gen pouvwa. Li gen bon konprann, lèfini li fè sa li vle. **14**
Lè Bondye kraze yon bagay, pesonn pa ka refè l'. Lè li
mete yon moun nan prizon, pesonn pa ka lage l'. **15** Lè
li pa bay lapli, sèk tonbe sou latè. Lè li bay lapli, dlo fè
dega toupatou. **16** Bondye gen fòs, li konn sa l'ap fè. Ni
moun k'ap bay manti, ni moun k'ap pran manti, se anba
ponyèt li yo ye. **17** Li fè moun k'ap bay konsèy yo pèdi
tèt yo. Li fè chèf yo aji tankou moun fou. **18** Li wete tout
pouvwa nan men wa yo. Li mare yon tanga nan ren yo
jete yo nan prizon. **19** Li fè prèt yo mache pye atè. Li mete
gwo zotobre atè! **20** Li fèmen bouch moun k'ap bay bon
konsèy. Li fè granmoun yo depale. **21** Li fè pase grannèg
yo nan betiz. Li wete pouvwa gwo chèf yo nan men yo. **22**
Li klere twou fon kote ki fè nwa a, li mete twou lanmò a
aklè. **23** Li fè nasyon yo fè pwogrè, lèfini, li fè yo deperi. Li
fè yon pèp pran elan, lèfini, li fè l' disparèt. **24** Li fè chèf
pèp yo pèdi tèt yo, li fè yo moute desann nan dezè, san
yo pa konn kote yo prale. **25** Y'ap tatonnen nan fènwa,
y'ap titibe tankou moun sou.

13 Wi, mwen wè tou sa ak de je m'. Mwen tande tou sa
ak de zòrèy mwen epi mwen konprann. **2** Sa nou
konnen an, mwen konnen l' tou. M' pa pi sòt pase nou.
3 Men, mwen menm, se ak Bondye ki gen tout pouvwa
m' annafè. Se avè l' mwen vle pale pou m' defann kòz
mwen. **4** Nou menm, kote nou pa konnen nou bay manti.
Nou tankou dòktè ki pa janm geri pyès moun. **5** Pito nou
pe bouch nou! Lè sa a, n'a pase pou moun ki gen bon
konprann. **6** Koute sa mwen gen sou kè m'. Louvri zòrèy
nou pou n' tande jan m' pral plede kòz mwen. **7** Se defann
nou vle defann Bondye kifè n'ap bay tout manti sa yo, kifè
n'ap pale kwochi konsa? **8** Se pou li n'ap pran? Se kòz li
nou ranmase? **9** Pou li, li ta bon pou nou si li t'ap chache
konnen sa nou gen nan fon kè nou! Pa konprann nou ka
woule Bondye tankou nou woule moun! **10** Li ta regle
nou byen regle, paske li ta tou wè se figi l' n'ap achte
anba chal. **11** Nou pa pè gwo pouvwa Bondye a? Nou pa
pè li kraze nou? **12** Bèl pawòl nou yo pa gen plis valè
pase pousyè tè. Repons n'ap ban mwen yo pa kenbe,
yo tankou miray sab. **13** Koulye a, pe bouch nou! Ban
m' yon chans pou m' pale. Sa ki pou rive a te mèt rive!
14 Mwen mèt mouri! Zafè! M' mare ren m', m' sere dan
m'! **15** Bondye te mèt touye m'. Sèl chans mwen se pou
m' esplike avè l'. **16** Nou pa janm konnen, se sa ki ka
sove m', paske moun ki fè mal pa ka parèt devan Bondye.
17 Koute byen sa m' pral di la a. Louvri zòrèy nou pou
n' tande deklarasyon mwen. **18** M' pare pou m' defann
kòz mwen, paske mwen konnen mwen nan dwa m'. **19**
Bondye, èske se ou ki pral plede avè m'? M' tou pare pou
m' pe bouch mwen, pou m' asepte lanmò m'. **20** De sèl ti
chans ase m'ap mande ou. Apre sa, m' p'ap kache pou ou
ankò. **21** Sispann leve men ou sou mwen. Sispann fè m'
pè tout pè sa a. **22** Ou mèt pale anvan, m'a reponn ou.
Osinon, kite m' pale anvan, w'a reponn mwen. **23** Konbe
peche, konbe bagay mal mwen fè? Kisa m' fè mwen pa t'
dwe fè? Kisa m' fè ki mal? **24** Poukisa w'ap kache pou
mwen konsa? Poukisa ou fè tankou si se lènmi ou mwen
ye? **25** Poukisa w'ap chache fè m' pè? Poukisa ou leve

dèyè m' konsa? M' tou fini, m' tankou fèy bwa, tankou pay
chèch van ap pote ale. 26 W'ap akize m' yon bann bagay
k'ap fè m' mal. W'ap fè m' peye tou sa m' te fè lè m' te
jenn gason. 27 Ou mete pye m' nan sèp. Ou veye tout
vire tounen m'. Ou gade tout kote m'ap mete pye m'. 28
M'ap dekale tankou bwa pouri, tankou rad sizo ap manje.

14 Nou menm moun, se nan vant fanm nou soti. Lavi
nou kout, men li pa manke traka! 2 Nou parèt
tankou yon flè. Epi lamenm nou fennen. Nou disparèt
tankou yon nwaj k'ap pase. 3 Epi, Bondye, se sa w'ap
louvri je ou gade. Se sa w'ap fè kanpe devan ou pou jije
l'? 4 Ki moun ki ka fè dlo pwòp soti nan yon sous sal?
Pesonn moun. 5 Tan chak moun gen pou l' viv la fikse
deja depi lontan. Kantite mwa li gen pou l' viv la, se nan
men ou sa rete. Anyen pa ka chanje. 6 Tanpri, wete je ou
sou mwen. Kite m' pran yon ti souf. Tankou moun ki fin
pase yon jounen ap travay di, kite m' pran yon ti kanpo.
7 Toujou gen yon ti espwa pou yon pyebwa. Yo te mèt
koupe l', l'ap toujou pouse ankò, li p'ap mouri. 8 Rasin li
yo te mèt fin vye nan tè a, bout chouk la te mèt fin chèch,
9 depi li jwenn dlo, l'ap boujonnen, l'ap pouse kreyòl. 10
Men moun, depi yo mouri, yo tounen kadav. Lè yo kase
kòd, ou pa wè kote yo fè. 11 Letan ka cheche, larivyè ka
sispann koule. 12 Men, kote yon moun mouri kouche a, pa
gen leve pou li ankò. Poul va fè dan anvan y'a leve vivan
ankò, anvan y'a leve soti nan dòmi yo a. 13 Si sèlman ou
ta vle kache m' nan peyi kote mò yo ye a? Si ou te ka kite
m' la jouk kòlè ou la fin pase? Apre sa, ou ta fikse yon dat
pou chonje m' ankò. **(Sheol h7585)** 14 Men, sa m'ap di la
a? Eske moun mouri ka leve? Sa pa fè anyen. Mwen ta
tann move tan sa a fin pase, jouk sa ta bon pou mwen
ankò. 15 Lè sa a, ou ta rele m', mwen ta reponn ou. Ou ta
kontan wè sa ou te fè ak men ou lan. 16 Lè sa a, ou ta
gade jan m'ap mache a, men, ou pa ta chonje sa m' te
konn fè ki mal. 17 Ou ta padonnen m' peche m' yo, ou ta
mare yo tout fè yon pakèt voye jete. 18 Rive yon lè se pou
mòn yo anfale, se pou wòch yo woule desann. 19 Rive
yon lè dlo ap fin manje wòch yo, lapli ap fin bwote tout tè
a desann. Konsa tou, rive yon lè ou wete tout espwa nan
kè moun. 20 Ou kraze yo nèt anba men ou, epi yo mouri.
Ou fè moun pa ka rekonèt yo, epi ou voye yo ale. 21
Moun fè lwanj pitit mò yo, men mò yo menm yo pa konn
anyen. Moun pase yo nan betiz, men yo menm, sa pa di
yo anyen. 22 Yon sèl soufrans yo santi se sa k'ap manje
yo nan tout kò yo a. Se pou tèt pa yo ase y'ap plenyen!

15 Fwa sa a, Elifaz, moun lavil Teman an, pran lapawòl
ankò, li di konsa: 2 -Lè yon moun gen bon konprann,
se pa avèk pawòl anlè pou li reponn. Li p'ap chita ap
fè jazè. 3 Li p'ap rete ap defann tèt li ak mo ki pa vle
di anyen, ak bèl diskou ki pa sèvi anyen. 4 Ou menm
menm, ou al pi lwen. Dapre sa ou di la a, moun pa
bezwen gen krentif pou Bondye ankò. Pa gen nesesite
pou moun lapriyè Bondye. 5 Jan ou pale a, yo wè ou
se yon moun ki mechan nan fon kè ou. Ou pale tankou
moun k'ap kache yon bagay. 6 Se bouch ou menm k'ap
kondannen ou. Se pa mwen. Se pawòl nan bouch ou
menm k'ap fini avè ou. 7 Manyè di m' non: Eske se
ou menm premye moun Bondye te fè? Eske ou te fèt
anvan tout mòn yo? 8 Eske ou te la lè Bondye t'ap fè
plan travay li, kifè ou konnen pase tout moun? 9 Kisa ou
konnen nou menm nou pa konnen? Kisa ou konprann nou
menm nou pa ka konprann? 10 Se nan bouch granmoun
lontan, granmoun cheve blan ki pi gran pase papa ou
nou pran tout konesans pa nou. 11 Poukisa ou pa asepte
ankourajman Bondye voye ba ou a? Poukisa ou pa koute
nou? N'ap pale byen dousman avè ou la a. 12 Men, gade
jan ou move! W'ap louvri je ou sou nou! 13 W'ap pase
kòlè ou sou Bondye. W'ap plede joure l'. 14 Ki jan ou ta
vle pou moun san repwòch devan Bondye? Pou moun
ki soti nan vant fanm gen rezon devan Bondye? 15 Ata
zanj li yo, Bondye pa fè yo konfyans. Yo menm tou yo pa
fin bon nèt nan je l'. 16 Ale wè atò pou moun, ki pèvèti,
ki pa vo anyen, ki fè mechanste tankou yo bwè dlo! 17
Koulye a, Jòb, koute m'. Kite m' esplike avè ou! Mwen
pral di ou sa mwen menm mwen wè. 18 Moun ki gen bon
konprann moutre m' anpil verite. Yo pa t' kache m' anyen.
Yo menm, se nan bouch granmoun lontan yo te pran l'. 19
Granmoun sa yo t'ap viv nan peyi Bondye te ba yo pou yo
menm ase, san ankenn moun lòt nasyon pa t' mele ak yo.
20 Mechan yo pase tout lavi yo nan tèt chaje. Moun k'ap
plede maltrete parèy yo p'ap viv lontan. 21 Rèl moun k'ap
soufri yo ap kònen nan zòrèy yo. Lè zafè yo pi bon, se lè
sa a vòlè tonbe sou yo. 22 Yo pa gen espwa chape nan
fènwa a, paske manchèt pare ap tann yo. 23 Y'ap kouri
adwat agoch, y'ap chache manje. Yo konnen wè pa wè
y'ap pran yo. 24 Lanmò fè yo pè. Malè ak lafliksyon ap
tonbe sou yo tankou yon wa ki tou pare pou batay. 25 Men
sa k'ap tann moun k'ap lonje men nan figi Bondye, moun
ki pa pè kenbe tèt ak Bondye. 26 Yo kache dèyè pwotèj
anfe yo epi yo fonse sou Bondye. 27 Figi yo gra kou chat.
Men gwosè vant yo ak grès! 28 Yo rete nan lavil ki fin
kraze, nan kay moun kouri kite, kay ki fin tounen mazi. 29
Yo p'ap janm rich toutan. Sa yo genyen an la pou yon tan.
Menm lonbray yo ap disparèt. 30 Yo p'ap ka kouri pou
fènwa a. Y'ap tankou yon pyebwa dife boule tout branch li
yo epi van bwote tout flè l' yo ale. 31 Yo pa bezwen konte
sou pozisyon yo. Nou konnen sa p'ap sèvi yo anyen. 32
Anvan yo donnen, branch yo ap fennen. boujon yo p'ap
pouse fèy ankò. 33 Y'ap tankou yon pye rezen ki pèdi tout
grap rezen vèt yo, tankou yon pye oliv ki pèdi tout flè l'.
34 Wi, mechan yo p'ap gen pitit. Dife ap boule tout kay yo
bati ak lajan yo volè. 35 Lè yon moun ap chache fè moun
mal, se sou li malè a tonbe. Se pwòp tèt li l'ap twonpe.

16 Jòb pran lapawòl ankò, li di konsa: 2 -Mwen bouke
tande pawòl sa yo! Pase nou konsole moun, se plis
lapenn n'ap ba yo. 3 Kilè n'a sispann tout pale anpil sa a?
Sa k'ap pouse nou konsa? Nou toujou pare pou reponn
moun! 4 Si m' te nan plas nou, epi nou menm nan plas
mwen, m' ta ka pale jan nou pale a tou, m' ta pase nou

nan yon wonn tenten, m' ta vide bèl diskou sou nou. **5** M'
ta remoute kouraj nou ak konsèy, m' ta pale ak nou jouk
nou ta soulaje. **6** Men, lè mwen pale, doulè a la pi rèd
pou mwen. Lè mwen pa pale, se pa sa k'ap fè l' ban m'
yon ti louga. **7** Koulye a, Bondye, se fini ou fini avè m'. Ou
kite yo touye tout fanmi m'. **8** Ou mete men sou mwen,
ou pa vle wè m' ankò. Mwen tounen zo ak po. Yo di se
paske mwen antò ki fè sa rive m'. **9** Nan kòlè li, Bondye
ap dechire m' moso pa moso. L'ap devore m' anba dan
l'. L'ap louvri je l' sou mwen, li pa vle wè m'! **10** Moun
prèt pou manje m'. Yo kouri sou mwen, y'ap joure m',
y'ap touye m' anba souflèt. **11** Bondye lage m' nan men
mechan yo. Li jete m' anba grif san manman yo. **12** Mwen
t'ap viv tou dousman, li bouskile m'. Li pran m' dèyè nwa
kou, li kraze m', li fè m' tounen jwèt li. **13** L'ap voye flèch li
sou mwen kote m' vire. Li pèse tout kò m', li san pitye pou
mwen, li mete san m' deyò. **14** Kote m' vire li blese m', li
vare sou mwen tankou yon sòlda nan lagè. **15** Mwen fè
rad sak mete sou mwen, mwen woule kò m' nan pousyè
tèlman mwen te nan lapenn. **16** Je m' vin wouj afòs mwen
kriye. Tout anba je m' gonfle vin tou nwa. **17** Men, mwen
konnen mwen pa fè ankenn moun mechanste. Mwen
lapriyè Bondye ak tout kè m'. **18** Ou menm latè, pa kache
mizè mwen. Pa kite yo fèmen bouch mwen lè m'ap rele
nan pye Bondye! **19** Paske mwen konnen gen yon moun
nan syèl la k'ap kanpe pou mwen, gen yon moun anwo a
k'ap pran defans mwen. **20** Zanmi m' yo ap pase m' nan
betiz, men, m'ap kriye nan pye Bondye. **21** Mwen bezwen
moun pou plede kòz mwen ak Bondye a, menm jan yon
moun plede kòz zanmi l'. **22** M' pa lontan mouri. Mwen
pral pran chemen kote moun pa janm tounen an.

17 Souf mwen prèt pou koupe. Mwen pa lwen mouri.
Se pou simityè ase mwen bon. **2** Kote m' vire,
se moun k'ap pase m' nan betiz. Vye pawòl jouman yo
enpoze m' dòmi. **3** Ou mèt kwè m', Bondye! Se ou menm
ankò ki pou bay garanti pou mwen. M' pa gen pesonn
lòt ki ka tope ak yo. **4** Ou fèmen lespri yo pou yo pa
konprann. Pa kite yo gen rezon sou mwen. **5** Pawòl la di:
Yon moun ap fè gwo fèt pou zanmi l', epi pitit li yo ap
mouri grangou anndan lakay li. **6** Yo fè koze sou mwen
nan pèp la. Yo vin krache nan figi m'! **7** Mwen sitèlman
nan lapenn, m' pa ka louvri je m'. Mwen fin tounen zo ak
po. Ata lonbraj mwen pa fè! **8** Moun k'ap mache dwat yo
sezi lè yo wè sa. Inonsan yo fin debòde sou mechan an ki
vire do bay Bondye. **9** Moun k'ap mennen yon vi dwat, se
yo ki gen rezon. Sa ki pa mete men yo nan ankenn move
zafè kanpe pi rèd sou pozisyon yo. **10** Nou tout mèt vin
kanpe devan m', mwen p'ap jwenn yonn ladan nou ki gen
bon konprann. **11** Mwen fin viv! Tout plan m' te gen nan
tèt mwen kraze. Mwen pa gen ankenn espwa ankò. **12** Yo
pretann lannwit se lajounen. Lè fènwa, yo di limyè a pa
lwen. **13** Se lanmò m'ap tann. Se al kouche nan simityè
ki sèl espwa m'. **(Sheol h7585)** **14** Mwen di tonm lan ou
se papa m'. Mwen di vèmen ki pral manje m' yo: nou se
manman m' ak sè m'. **15** Kote ki gen espwa pou mwen
ankò? Ki moun ki wè yon bon lavi pou mwen ankò? **16** Lè
m'a mouri, lè m'a fin desann nan peyi kote mò yo ye a,
èske m'a ka pote espwa m' yo ansanm avè m'? **(Sheol
h7585)**

18 Bildad, moun peyi Chwa a, pran lapawòl, li di konsa:
2 -Jòb monchè, ou pa ka pe bouch ou yon ti kadè?
Si ou te fè yon ti sispann, nou ta pale avè ou! **3** Poukisa
ou pran nou pou moun san konprann? Poukisa ou pran
nou pou zannimo? **4** Si ou ankòlè, se pwòp tèt ou ase
w'ap fè mal. Atò, poutèt ou, se pou tout moun sou latè
te mouri? Se pou Bondye te deplase mòn yo pou fè ou
plezi? **5** Wi, y'ap touye limyè mechan an, flanm dife l' la
p'ap klere ankò. **6** Lanp lakay li ap mouri, limyè lakay li ap
tenyen. **7** Li te konn mache byen enganm, koulye a se ti
pa ti pa, l'ap bite. Se plan li t'ap fè yo ki lakòz sa rive l'. **8**
Li pile yon pèlen, pye l' pran ladan l'. **9** Kòd la mare nan
je pye l', l'ap sere l' byen sere. **10** Yo kache yon chita
tann pou li anba tè. Yo moute yon pèlen sou wout li. **11**
Kote l' vire, malè ap tann li. Kote l' pase, yo la dèyè l'. **12**
Grangou nan kò l' fini ak kouraj li. Malè kanpe la bò kote l'
ap tann li. **13** Yon sèl maladi po pete sou tout kò l'. L'ap
manje tout janm li ak tout bra li yo. Se tè ki pou geri l'.
14 Yo rale l' mete deyò anba tant kote li te al kache a.
Yo trennen l' devan jeneral Lanmò. **15** Koulye a, nenpòt
moun gen dwa pran kay li a pou yo. Y'ap dezenfèkte l' nèt
ak souf. **16** Anba tè, rasin li yo ap mouri. Anwo tè, branch
li yo ap fennen. **17** p'ap gen pesonn k'ap chonje l' ankò
sou latè. Y'ap bliye l' nèt nan tout peyi a. **18** Y'ap pouse l'
soti nan limyè ale nan fènwa. Y'ap depòte l' byen lwen
nan peyi san chapo. **19** Li p'ap kite ni pitit, ni ankenn lòt
fanmi nan mitan pèp la. Yo tout ap mouri anvan l'. **20**
Depi solèy leve jouk solèy kouche, tout moun pral sezi wè
jan li fini. **21** Wi, men sa k'ap tann lakou moun k'ap fè
mechanste yo, fanmi moun ki pa respekte Bondye yo.

19 Jòb pran lapawòl, li di konsa: **2** -Manyè sispann
vire lòlòj mwen non! Manyè sispann kraze kouraj
mwen ak tout pawòl sa yo? **3** Tout tan n'ap plede joure
m', n'ap trennen m' nan labou. Nou pa wont jan n'ap
malmennen m' la a? **4** Menm si mwen ta fè sa m' pa t'
dwe fè, ki jan pou sa ta ka fè nou mal? **5** Nou konprann
nou pi bon pase m'. Nou di se paske mwen antò kifè m'ap
pase tray sa a. **6** Nou pa wè se Bondye k'ap manyen
avè m'. Se li menm ki pran m' nan pèlen. **7** Si m' rele
anmwe ansasen, pesonn p'ap reponn. Si m' mande jistis,
pesonn p'ap kanpe pou defann mwen. **8** Bondye bare tout
chemen devan mwen. M' pa ka pase. Li fè m' wè tou nwa
devan mwen. **9** Li fè yo ban m' move non. Li fè m' pèdi
tout byen m'. **10** Li minen m' tout jan. M'ap deperi. Li wete
tout espwa m'. Mwen tankou yon pyebwa yo derasinen.
11 Bondye ankòlè nèt sou mwen. Li konsidere m' tankou
yon lènmi. **12** Li voye yon bann malè sou mwen yon grenn
kou, tankou yon lame k'ap atake m'. Yo rive sou mwen
san m' pa wè sa. Yo sènen m' anndan lakay mwen. **13**

Bondye fè frè m' yo renka kò yo sou mwen. Zanmi m'
yo kouri pou mwen. 14 Tout fanmi mwen yo, tout bon
zanmi m' yo disparèt. Moun mwen te konn resevwa lakay
mwen bliye m'. 15 Ata sèvant lakay mwen pa rekonèt
mwen. Pou yo, yo pa janm konnen m'. 16 Si mwen rele
yon domestik, li pa reponn mwen. Mwen te mèt lapriyè
nan pye l', li pa okipe m'. 17 Madanm mwen pa ka pran
sant mwen. Ata pwòp pitit mwen yo pè pwoche bò kote
m'. 18 Tout timoun ap pase m' nan betiz. Si m' fè yon ti
kanpe, yo pase m' nan tenten. 19 Pi bon zanmi m' yo ap
gade m' ak degoutans. Sa m' pi renmen yo ap pale sou
do m'. 20 Mwen tounen zo ak po. Sa ki rete pou m' mouri
a pa anyen. 21 Nou se zanmi m'. Pitye pou mwen! Pitye!
Se Bondye menm ki leve men sou mwen. 22 Poukisa
pou nou leve dèyè m' tou menm jan ak Bondye? Koulye
a, nou pa pèsekite m' kont nou? 23 Si sèlman te gen
yon moun pou kouche pawòl mwen yo, pou ekri yo sou
papye, 24 pou grave yo ak sizo sou wòch plat, pou yo
toujou rete make! 25 Mwen menm, mwen konnen moun ki
gen pou vin pran defans mwen an byen vivan. Se li menm
an dènye k'ap kanpe sou latè pou pale pou mwen. 26
Apre m' fin mouri, l'ap mete m' kanpe bò kote l'. M'a wè
Bondye ak pwòp je m'. 27 Se mwen menm menm k'ap wè
l'. Se p'ap yon lòt moun! Kè m' ap fann, 28 paske n'ap
mande ki jan pou n' fè m' pase mizè ankò? Ki rezon n'ap
jwenn nan mwen pou nou atake m'? 29 Men, atansyon
pou se pa sou nou nepe a tonbe, lè Bondye va soti pou
pini moun ki antò yo. Lè sa a, n'a konnen gen yon moun
k'ap jije tout bon.

20 Lè sa a, Sofa, moun lavil Naama a, pran lapawòl,
li di konsa: 2 -Mwen gen yon bann lide k'ap travay
nan tèt mwen. Mwen pa ka tann ankò. Se pou m' reponn
ou. 3 Tou sa ou di la a vekse m'. Men, mwen konnen jan
pou m' reponn ou. 4 Ou konnen, depi nan tan lontan, depi
premye moun Bondye te mete sou tè a, 5 mechan yo pa
janm gen kè kontan pou lontan. Plezi moun k'ap fè mal yo
se pou yon ti tan. 6 Yo te mèt grandi jouk pou yo rive
wotè syèl la, jouk pou tèt yo ta rive nan nwaj yo, 7 y'ap
rete konsa, y'ap disparèt tankou yon pil fatra yo boule.
Moun ki te konnen yo va mande kote yo pase. 8 Moun
bliye yo tankou yon rèv yo fè yo pa ka chonje, tankou yon
vizyon yo fè lannwit, yo p'ap janm wè ankò. 9 Moun ki te
konn wè yo p'ap wè yo ankò. Menm moun lakay yo p'ap
konnen kote yo pase. 10 Pitit yo va peye pòv yo pou tou
sa yo te fè yo. Se pwòp pitit yo ak men yo ki va renmèt
pòv yo sa yo te pran pa fòs. 11 Mechan yo te gen tout fòs
jenn gason yo sou yo toujou. Men koulye a, tou sa pral
tounen pousyè ansanm ak yo. 12 Lè l' t'ap fè sa ki mal sa
te sitèlman gou nan bouch li, li te kenbe ti gout anba lang
li. 13 Li pa t' kite l' fin twò vit nan bouch li, pou l' te ka
jwi gou a pandan lontan. 14 Men, rive manje a rive nan
lestonmak li, li vin anmè kou fyèl. Anndan vant li pran
boule l' tankou si li te vale pwazon. 15 Mechan an gen
pou l' vonmi tout richès li te vòlò yo, paske Bondye ap
foure dwèt nan gòj li. 16 Tou sa li te vale tounen pwazon
pou li. L'ap mouri tankou si se yon sèpan laspik ki mòde l'.
17 Li p'ap viv pou l' wè lwil koule tankou dlo larivyè, ni
siwo myèl ak lèt koule tankou lavalas. 18 L'ap blije bay
tou sa li te travay fè. Li p'ap gen chans jwi richès li yo.
19 Paske li te piye kay pòv malere yo, li te pito vòlò kay
moun pase pou l' bati. 20 Li pa t' janm gen kont li. Men,
richès li p'ap ka delivre l'. 21 Pesonn pa t' ka chape anba
men l' sitèlman li te akrèk. Non. Tout richès li yo pa la pou
lontan. 22 Atout li gen tout richès sa yo, li pral gen kè
sere. Tout kalite mizè pral tonbe sou li. 23 Pandan l'ap
manje plen vant li, Bondye pral move kont move sou li.
Malè pral tonbe dri sou li. 24 Lè l'ap chache kouri pou yon
nepe fèt an fè, yon flèch an kwiv pral pèse l' pak an pak.
25 Yon flèch ap pèse kò l'. San li ap degoute konsa nan
pwent flèch la. Kè l' sere, li wè lanmò anfas. 26 Li pèdi tou
sa li te sere. Yon dife pesonn pa limen ap boule l'. L'ap
devore tou sa ki lakay li. 27 Syèl la fè konnen tou sa li
te fè ki mal. Latè kanpe pou denonse l'. 28 Yon sèl dlo
desann va pote kay li ale, jou Bondye va fè kolè sa a
sou li. 29 Wi, se sa Bondye sere pou mechan yo. Se sa
mechan yo pral resevwa nan men Bondye.

21 Lè sa a, Jòb pran lapawòl ankò, li di konsa: 2 -
Manyè tande sa m' pral di nou la a, non! Tanpri,
charite m' ti ankourajman sa a! 3 Ban m' yon ti chans
pou m' pale. Lè m'a fini, nou mèt pase m' nan betiz kont
nou! 4 Se pa avèk yon moun mwen annafè. Mwen gen
rezon si m' pa ka tann ankò! 5 Voye je nou gade m' byen.
N'a sezi. N'a mete men nan bouch. 6 Mwen menm, lè m'
chonje sa ki rive m', m' pè. Tout kò m' pran tranble. 7
Poukisa Bondye kite mechan yo ap viv? Li kite yo rive vye
granmoun, epi tout zafè yo mache byen? 8 Yo gen pitit
ak pitit pitit. Yo wè yo ap grandi devan je yo. 9 Bondye
pa voye malè sou yo pou pini yo. Y'ap viv alèz lakay yo
san ankenn danje. 10 Wi, bèf yo kwaze san mank, yo
fè pitit san pèdi pòte. 11 Timoun yo ap kouri tankou ti
mouton nan savann. Y'ap jwe, y'ap sote tankou ti kabrit.
12 Y'ap chante, y'ap jwe gita, y'ap bat tanbou, y'ap danse
pandan moun ap jwe fif pou yo. 13 Jouk jou yo mouri, kè
yo kontan. Yo desann nan peyi kote mò yo ye a ak kè
poze. **(Sheol h7585)** 14 Se yo menm k'ap plede di Bondye:
Kite n' an repo! Nou pa bezwen konnen jan ou vle pou
moun viv la. 15 Kisa Bondye ki gen tout pouvwa a ye
menm pou nou sèvi l' la? Kisa sa ap rapòte nou lè nou
lapriyè l'? 16 Yo pretann tou sa yo genyen se kouraj yo ki
ba yo l'. Yo pa t' janm mete Bondye nan koze yo. Mwen
pa dakò ak jan y'ap pale a, non. 17 Ou janm wè limyè
mechan an mouri? Ou janm tande malè rive yo? On jan
wè Bondye fè kolè pou l' pini malveyan yo, 18 pou van
bwote yo ale tankou zèb chèch, pou van tanpèt chase
yo tankou pay pitimi? 19 Yo pretann di Bondye va pini
pitit pou peche papa yo! Poukisa se pa papa yo menm li
pini pou yo ka pran leson? 20 Se pou mechan yo te wè
chatiman yo. Se yo menm ki te pou santi kòlè Bondye ki
gen tout pouvwa a pa dous. 21 Ki mele yo sa ki rive pitit
yo, lè yo fin ale, lè yo fin viv tan pou yo te viv la? 22 Men,

Bondye ki jije ata zanj ki nan syèl la, ki moun ki ka moutre
l' sa pou li fè? 23 Gen moun ki pa janm malad jouk yo
mouri. Jouk jou yo antre anba tè, yo kontan, yo pa gen tèt
chaje. 24 Yo gra nan tout kò yo, tout zo yo plen ak mwèl.
25 Yon lòt menm pa janm konnen sa ki rele kè kontan. Li
pase tout lavi l' nan nesesite, li mouri nan mizè. 26 Men,
lè tou de mouri, yo antere yo, vèmen kouvri kadav yo
menm jan. 27 Men wi, mwen konnen sa ki nan tèt nou.
Mwen konnen ki move lide n'ap fè sou mwen koulye a. 28
N'ap mande kote kay gwo zotobre a. Sa ki rive kay nèg
ki te konn fè sa ki mal la. 29 Kouman? Nou pa pale ak
moun ki vwayaje? Nou pa konn ki nouvèl y'ap bay? 30
Jou Bondye ankòlè, lè l'ap pini an, se toujou mechan yo ki
resi chape kò yo! 31 Men, ki moun ki ka kanpe devan yo
pou akize yo? Ki moun ki ka fè yo peye sa yo fè a? 32 Yo
fè bèl lantèman pou yo. Yo mete moun veye tonm yo. 33
Foul moun ap swiv sèkèy yo, yon pati moun devan, yon
pati moun dèyè. Menm tè a chita dous sou kadav yo. 34
Lèfini, n'ap chache konsole m' ak yon bann pawòl san
sans. Tou sa n'ap reponn mwen la a se manti.

22 Lè sa a, Elifaz, moun lavil Teman an, pran lapawòl.
Li di konsa: 2 -Eske yon moun ka itil Bondye? Non!
Ata moun ki gen bon konprann yo, se tèt yo ase yo itil. 3
Lè ou fè sa ki byen, ki enterè Bondye ki gen tout pouvwa a
jwenn nan sa? Sa sa rapòte l' lè ou mennen bak ou dwat?
4 Eske se paske ou gen krentif pou Bondye kifè l'ap rale
zòrèy ou konsa, kifè l'ap trennen ou nan tribinal li? 5 Non.
Se paske ou fè anpil peche. Se paske ou te san limit nan
fè mechanste. 6 Ou fè frè ou ba ou garanti pou lajan li pa
t' dwe ou. Ou pran ata rad ki sou li, ou kite l' toutouni. 7
Ou refize bay moun ki te swaf yo ti gout dlo. Ou refize bay
moun ki te grangou yo moso pen. 8 Ou pwofite fòs ou ak
pozisyon ou pou pran tout peyi a pou ou. 9 Ou refize
lonje men ou bay vèv yo. Ou maltrete timoun ki san papa
yo. 10 Se poutèt sa, kote ou rive se pèlen yo pare pou ou.
Ou rete konsa, kè ou kase. 11 Sitèlman fè nwa, ou pa ka
wè. Ou nan dlo jouk nan kou! 12 Eske se pa anwo nèt
nan syèl la Bondye rete? Se anba pou li voye je l' pou l'
ka wè zetwal yo. 13 Ou konn sa, epi w'ap di: Sa Bondye
ka konnen? Li kache dèyè nwaj yo, ki jan pou l' jije sa
k'ap pase sou latè? 14 Nwaj yo twò pwès, li pa ka wè. Se
sou fetay syèl la l'ap mache. 15 Ou vle mache pye pou
pye dèyè mechan yo, nan move chemen yo te toujou pran
depi lontan an! 16 Yo mouri anvan lè yo tou. Yo tankou
lavalas: anvan ou bat je ou, yo pase. 17 Yo menm tou yo
t'ap di Bondye: Wete kò ou sou nou! Kisa Bondye ki gen
tout pouvwa a ka fè nou? 18 Atò, se Bondye menm ki te
plen kay yo ak richès. Mwen pa janm konprann ki jan
mechan yo ka fè di sa. 19 Men, lè y'ap pini mechan yo,
moun ki mache dwat yo va kontan, inonsan yo va pase yo
nan rizib. 20 Gade jan grannèg yo fini non! Dife boule tou
sa yo te genyen. 21 Jòb monchè, byen ak Bondye ankò,
tande! Sispann chache l' kont! 22 Koute pawòl li t'ap di ou
yo. Kenbe yo nan kè ou. 23 Wi, tounen vin jwenn li, san
lògèy nan kè ou. Sispann fè sa ki mal lakay ou. 24 Voye
tout lò ou jete nan fatra. Pi bon pyès lò ou yo, jete yo nan
galèt larivyè. 25 Se Bondye ki gen tout pouvwa a ki va
tout lò ou. Se li menm ki va gwo pil lajan byen wo pou ou.
26 Paske, lè sa a, se nan Bondye ki gen tout pouvwa a
w'a jwenn tout plezi ou. Se sou Bondye w'a toujou gade.
27 Lè w'a lapriyè nan pye l', l'a reponn ou. W'a kenbe
tout pwomès ou fè l' yo. 28 Tout zafè ou va mache byen.
Limyè va klere byen bèl sou tout wout ou. 29 Bondye
kraze lògèy moun awogan. Men, li sove moun ki bese tèt
devan li. 30 L'ap delivre ou si ou inonsan. L'a sove ou, si
ou pa janm sal men ou nan anyen.

23 Lè sa a, Jòb pran lapawòl, li di konsa: 2 -Fwa sa a
ankò, m'ap kenbe tèt ak Bondye, m'ap plenyen nan
pye l'. Se plenn m'ap plenn pou sa m'ap pase anba men
l'. 3 Si m' te ka konnen kote pou m' jwenn li, mwen ta rive
kote l' ye a. 4 M' ta defann kòz mwen devan li. M' ta di l'
dènye sa ki nan lide m' pou defann tèt mwen. 5 M' ta
konnen jan l'ap reponn mwen, m' ta tande sa l'ap di m'. 6
Eske Bondye tapral sèvi ak tout fòs li pou diskite avè m'?
Non. Li ta rete koute m' ase. 7 Li ta wè moun k'ap pale
avè l' la se yon moun ki toujou mache dwat. Li menm k'ap
jije m' lan, li ta rekonèt mwen inonsan. 8 M' ale bò solèy
leve, Bondye pa la. M' ale bò solèy kouche, mwen pa wè
l' tou. 9 Mwen moute nan nò al chache l', m' pa wè l'.
Mwen desann nan sid, bichi! 10 Men, Bondye konnen tout
ti vire tounen mwen. Si li sonde m', l'a wè m' bon tankou
bon lò ki pase nan dife. 11 M' mache pye pou pye dèyè l'.
M' swiv chemen li mete devan m' lan. M' pa janm devire ni
adwat ni agoch. 12 Mwen toujou fè tou sa li bay lòd fè.
Mwen te fè volonte l', mwen pa fè sa m' te gen nan tèt
mwen. 13 Men, lè Bondye fin deside yon bagay, ki moun
ki ka fè l' chanje lide? Ki moun ki ka enpoze l' fè sa li vle
fè a? 14 L'ap toujou fè m' sa li vle fè m' lan. Sa se yonn
nan tout bagay li deside fè yo. 15 Se poutèt sa, m'ap
tranble devan l'. Lè m' chonje sa, mwen soti pè l'. 16 Men
wi, se Bondye k'ap kraze kouraj mwen. Se Bondye menm
mwen soti pè. Se pa fènwa a. 17 Fènwa a kache Bondye
pou m' pa wè l'. L' enpoze m' santi prezans li. Se tout!

24 Poukisa Bondye ki gen tout pouvwa a pa fikse yon
dat pou li jije tout moun, yon jou pou li rann tout
moun k'ap sèvi l' yo jistis? 2 Mechan yo deplase bòn tè
moun. Yo vòlò mouton lòt moun, mete ansanm avèk bann
mouton pa yo. 3 Yo pran bourik ki pou timoun san papa
yo. Yo sezi bèf vèv la jouk li resi peye dèt li. 4 Yo enpoze
pòv yo jwenn sa ki vin pou yo. Yo fòse tout pòv malere
kouri al kache. 5 Tankou bourik mawon, pòv yo soti al nan
dezè a, y' al chache lavi pou pitit yo ki grangou. Pa gen lòt
kote yo ka ale. 6 Y'ap ranmase rekòt pou lòt moun. Y'ap
keyi rezen nan jaden pou mechan yo. 7 Lè yo toutouni, yo
pa gen rad pou mete sou yo. Lannwit, yo pa gen anyen
pou chofe kò yo lè yo frèt. 8 Lapli k'ap tonbe sou mòn yo
mouye yo jouk nan zo. Yo kwoupi kò yo dèyè wòch pou
pare lapli. 9 Mechan yo wete timoun san papa yo nan
men manman yo pou fè yo tounen esklav. Yo pran rad

pòv malere yo pou garanti dèt yo. **10** Pòv yo menm ap
mache yon men devan yon men dèyè, san rad pou mete
sou yo. Y'ap mache ranmase rekòt nan jaden, men y'ap
mouri grangou. **11** Nan lakou mechan yo y'ap moulen
grenn oliv fè lwil. Y'ap kraze rezen fè diven. Men y'ap
mouri swaf dlo. **12** Nan lavil yo, ou tande moun k'ap mouri
yo ap plenn. Ou tande moun ki blese yo ap rele anmwe.
Men, Bondye fè tankou li pa tande yo. **13** Se moun sa yo
ki pa vle wè limyè a. Yo derefize konprann limyè a. Yo pa
vle pran chemen limyè a nan tou sa y'ap fè. **14** Anvan
bajou kase, ansasen an gen tan leve, pou li al touye pòv
malere yo. Lannwit, se vòlò l'ap mache vòlò. **15** Mouche
marye k'ap fè adiltè a ap tann solèy kouche konsa. Li
bouche figi l' pou pesonn pa wè l'. **16** Lannwit, vòlè ap
kraze kay moun. Lajounen yo kache, y'ap kouri pou solèy.
17 Yo pè limyè lajounen an. Men, pa gen anyen ki pou fè
yo pè nan fènwa a. **18** Lè sa a, Sofa di konsa: -Men dlo
desann pote mechan yo ale. Madichon Bondye tonbe sou
tout tè ki pou yo. Yo pa soti al travay nan jaden rezen yo.
19 Menm jan chalè fonn lanèj, lèfini tè sèk bwè dlo a, se
konsa moun k'ap fè peche yo ap disparèt ale nan peyi
kote mò yo ye a. **(Sheol h7585)** **20** Tout moun bliye yo. Ata
manman ki fè yo pa chonje yo. Se vè k'ap manje kadav
yo. Yo fini tankou yon pyebwa yo koupe jete. **21** Tou sa
rive konsa, paske li maltrete fanm ki pa ka fè pitit. Li san
pitye pou vèv yo. **22** Lè sa a, Bondye detwi gwo chèf
yo ak fòs ponyèt li. Li annik parèt, mechan an konnen li
mouri. **23** Bondye kite l' viv alèz san pwoblèm, men, se
toutan l'ap veye tou sa l'ap fè. **24** Zafè mechan yo mache
byen pou yon tan. Men, apre sa, yo fennen tankou zèb
savann, tankou tèt ble yo koupe. **25** Si se pa konsa sa ye,
ki moun ki ka demanti sa m' di la a? Ki moun ki ka fè wè
pawòl mwen yo pa vo anyen?

25 Bildad, moun lavil Chwa a, pran lapawòl, li di konsa:
2 -Bondye se chèf. Li fè tout moun respekte l'. Li fè
tout moun nan peyi ki nan syèl la viv ak kè poze. **3** Ki
moun ki ka konte kantite zanj k'ap sèvi l'? Pa gen kote
limyè Bondye a pa klere. **4** Atò, moun ka konprann yo
gen rezon devan Bondye? Pitit fanm pouse met atè ka
san repwòch devan li? **5** Nan je Bondye, menm lalin lan
pa klere ase. Pa gen yonn nan zetwal yo ki bon nèt pou li.
6 Ale wè pou moun, yon vètè, yon ti krebete! Kisa yo vo
nan je Bondye?

26 Jòb pran lapawòl ankò, li di l' konsa: **2** -Ou gen tan
konn konsole moun ki nan lafliksyon! Ou gen tan
konn lonje men bay moun ki san fòs! **3** Ala bon konsèy
ou bay moun ki san konprann lan! Ou gen tan gen anpil
konesans nan ou! **4** Men, pou ki moun tout bèl diskou
sa yo? Ki moun ki mete pawòl sa yo nan bouch ou? **5**
Bildad pran lapawòl ankò li di: -Nanm moun mouri k'ap viv
nan fon lanmè a ap tranble anba tè a. **6** Peyi kote mò yo
ye a louvri aklè devan je Bondye. Pa gen anyen ki pou
anpeche Bondye wè sa k'ap pase ladan l'. **(Sheol h7585)** **7**
Se li menm ki louvri syèl ki sou bò nò a anlè, san anyen
pou soutni l'. Li pandye tè a ankò san anyen pou kenbe l'.
8 Se li menm ki plen nwaj yo dlo. Se li menm ki pa kite
pèz dlo a pete nwaj yo. **9** Se li menm ki kache lalin plenn
lan dèyè yon nwaj. **10** Se li menm ki trase yon wonn sou
lanmè a, li separe limyè ak fènwa. **11** Lè li bay poto ki
soutni syèl la yon prigad, yo sezi, yo pran tranble sitèlman
yo pè. **12** Avèk fòs ponyèt li, li fè lanmè a vin dou devan
li. Avèk ladrès li, li kraze Raab, gwo bèt lèd la. **13** Avèk
souf li, li fè syèl la vin klè. Avèk men li, li touye gwo koulèv
ki t'ap kouri chape a. **14** Sa se yon ti kal nan tou sa li fè.
Se sa ase ki resi rive nan zòrèy nou! Men, ki moun ki ka
konnen tou sa Bondye fè?

27 Jòb pran lapawòl ankò pou l' bay rès repons li a.
Li di konsa: **2** -Mwen fè sèman, mwen pran Bondye
vivan an pou temwen, Bondye ki gen tout pouvwa a,
li menm ki refize rann mwen jistis la, li menm ki ban
m' degoutans ak lavi a, **3** toutotan mwen poko mouri,
toutotan Bondye ban m' yon ti souf toujou, **4** mwen p'ap
janm kite ankenn move pawòl soti nan bouch mwen, ni
m' p'ap janm bay ankenn manti. **5** Pa janm konprann
m'ap ban nou rezon! M'ap kenbe ak nou mwen inonsan
jouk mwen rann dènye souf mwen. **6** Mwen soti pou m'
defann kòz mwen. Mwen p'ap fè bak. Konsyans mwen pa
repwoche m' anyen. M' pa gen anyen ki pou fè m' wont. **7**
Se pou tout moun ki pa vle wè m' yo sibi menm sò ak
mechan yo. Se pou lènmi m' yo gen menm sò ak moun ki
pa mache dwat yo. **8** Ki espwa ki gen pou mechan an
lè Bondye rele l', lè li pral pran nanm li? **9** Lè malè ap
tonbe sou mechan an, èske Bondye ap tande rèl li yo?
10 Li pa t' janm pran plezi l' nan fè volonte Bondye. Li
pa t' lapriyè Bondye tout tan. **11** Kite m' moutre nou jan
Bondye konnen sa l'ap fè. Mwen p'ap kache di nou sa ki
nan tèt Bondye ki gen tout pouvwa a. **12** Sa m'ap di la
a? Nou wè tou sa ak je nou byen pwòp tou. Poukisa atò
tout pale anpil sa a ki pa vle di anyen? **13** Lè sa a, Sofa,
moun lavil Naama a, pran lapawòl. Epi li di: -Men kisa
Bondye pare pou mechan yo. Men sa li sere pou chèf
k'ap peze pèp la. **14** Yo te mèt gen anpil pitit gason, yo
tout ap mouri nan lagè. Pitit yo p'ap janm gen kont manje
pou yo manje. **15** Sa ki chape nan lagè, move maladi ap
pote yo ale. Ata vèv yo p'ap ka rele pou yo jou lanmò yo.
16 Mechan an te mèt anpile lajan kou l' pa konnen, li te
mèt gen rad depase sa l' bezwen, **17** se moun dwat yo ki
va mete rad yo, se pou moun inonsan yo lajan an va rete.
18 Kay li bati tankou twal anasi, tankou yon ti kay jaden.
19 Nan aswè, li moute kabann li rich. Lè li leve, li pa jwenn
anyen. **20** Malè tonbe sou li tankou lavalas k'ap desann.
Yon sèl nwit lan, yon gwo van pote l' ale. **21** Yon van lès
leve, li pote l' ale. Li rache l' nan kay kote l' ye a. **22** Van
an ap vante sou li san pitye. Li menm l'ap fè sa li kapab
pou l' chape anba l'. **23** Moun kontan wè jan li fini. Kote l'
pase, y'ap rele chalbari dèyè l'.

28 Gen mi n anba tè kote yo jwenn ajan. Gen kote
se la yo netwaye lò. **2** Yo fouye tè pou jwenn fè. Yo

fonn wòch pou jwenn kwiv. **3** Yo desann ak limyè anba tè,
kote ki fè nwa anpil, yo fouye byen fon nan vant latè, mezi
yo kapab. Y' al chache wòch ki kache kote ki fè nwa anpil
la. **4** Byen lwen, kote moun pa ka rete, kote moun pa
janm mete pye yo, moun ap fouye gwo koridò anba tè.
Y'ap travay pou kont yo, ak yon kòd pase nan ren yo,
y'ap balanse nan twou yo. **5** Manje soti nan tè. Men, nan
zantray latè a dife fin debòde. **6** Wòch latè a gen bèl pyè
safi ladan l'. Nan pousyè a yo jwenn ti grenn lò. **7** Koukou
pa janm konnen chemen pou ale la. Karanklou pa janm
wè kote sa a ak je l'. **8** Ni lyon, ni ankenn lòt bèt nan
bwa, pa janm mete pye yo la. **9** Yo fouye nan wòch dife.
Yo fè gwo twou byen fon nan pye mòn yo. **10** Yo fè gwo
koridò byen long nan wòch yo. Yo jwenn tout kalite bèl
pyè bijou ki koute chè. **11** Yo fouye nan sous tèt dlo yo
tou. Yo mete deyò tou sa ki te kache. **12** Men, kote nou ka
jwenn konesans lan? Kote bon konprann lan ye menm?
13 Lèzòm pa konnen sa pou yo fè pou yo mete men sou
li. Yo pa jwenn li ankenn kote sou latè. **14** Fon lanmè
a deklare li pa gen bagay konsa. Lanmè a deklare bon
konprann pa lakay li. **15** Ou te mèt gen lò, ou pa ka achte
l'. Ou pa ka bay lajan pou ou genyen l'. **16** Li gen plis
valè pase lò peyi Ofi a. Bèl pyè oniks ak safi pa ka parèt
la. **17** Yo pa ka konpare l' ni ak lò ni ak bèl kristal. Yo pa
ka boukante l' pou yon bèl veso fèt an lò. **18** Pou grenn
koray ak wòch kristal menm, yo pa ka parèt la. Pito ou al
dèyè bon konprann pase ou ale dèyè bèl pyè lanbi. **19**
Topaz peyi Letiopi pa vo anyen devan l'. Pi bon lò a pa ka
konpare ak bon konprann. **20** Men, kote nou ka jwenn
konesans lan? Kote bon konprann lan ye menm? **21** Pa
gen moun, pa gen bèt ki ka wè l', pa menm zwazo k'ap
vole nan syèl la. **22** Ata lanmò ak simityè di se tande yo
tande nonmen non l'. **23** Se Bondye ase ki konn chemen
an. Se li ase ki konnen kote li rete. **24** Paske Bondye wè
dènye bout latè. Li voye je l', li gade tou sa ki anba syèl
la. **25** Lè Bondye t'ap bay van yo pèz yo, lè li t'ap bay
dlo lanmè a mezi kote pou l' rive a, **26** lè li t'ap bay lòd
kote pou lapli tonbe ak chemen pou loraj yo pran lè y'ap
gwonde, **27** se lè sa a li te wè bon konprann, li wè sa
li vo. Li egzaminen l' byen egzaminen, li sonde l' byen
sonde. **28** Apre sa, Bondye di moun konsa: -Gen krentif
pou Bondye, se sa ki rele bon konprann. Vire do bay sa ki
mal, men sa ki rele gen lespri.

29 Jòb tanmen pale ankò, li di: **2** -Ki moun ki va fè m'
viv tan lontan an, lè Bondye t'ap voye je sou mwen
an? **3** Lè sa a, Bondye te toujou la avèk mwen. Limyè li te
klere anwo tèt mwen, li t'ap moutre m' kote pou m' mete
pye m' nan fènwa a. **4** Nan tan sa a, tout zafè m' t'ap
mache byen. Bondye te zanmi m'. Li t'ap pwoteje kay
mwen. **5** Bondye ki gen tout pouvwa a te toujou la avèk
mwen. Mwen t'ap viv nan mitan tout pitit gason m' yo.
6 Bèf ak kabrit mwen yo te konn bay anpil lèt. Pye oliv
mwen yo te donnen menm nan tè wòch. **7** Lè mwen parèt
pòtay lavil la, lè mwen pran plas mwen nan mitan chèf
fanmi yo, **8** wè yo wè m', jenn gason yo mete kò yo sou
kote, granmoun yo leve kanpe pa respè pou mwen. **9**
Notab yo sispann pale, yo fèmen bouch yo. **10** Ata chèf
yo pa ka pale ankò! Lang yo vin lou nan bouch yo. **11**
Tout moun ki te wè m' t'ap mache fè lwanj mwen, tout
moun ki te tande m' te kontan avè m'. **12** Mwen lonje
men bay pòv malere ki nan ka ansanm ak timoun san
papa ki san sekou. **13** Moun ki te nan pi gwo mizè t'ap
fè lwanj mwen. Mwen te fè kè vèv yo kontan. **14** Mwen
te toujou fè sa ki dwat. Mwen pa t' janm nan patipri. **15**
Se mwen ki te wè pou avèg yo. Se mwen ki te mache
pou kokobe yo. **16** Mwen te yon papa pou pòv malere
yo. Mwen te kanpe pou defann kòz etranje yo. **17** Mwen
te kraze pouvwa malveyan yo. Mwen sove moun ki te
anba men yo. **18** Mwen t'ap di nan kè m': M'a viv kont viv
mwen. M'a mouri sou kabann mwen ak kè poze. **19** Mwen
te tankou yon pyebwa plante bò larivyè. Sou tout branch
li yo se lawouze. **20** Moun pa ta janm sispann fè lwanj
mwen. Mwen t'ap toujou gen tout fòs mwen sou mwen. **21**
Lè m'ap pale, tout moun fèmen bouch yo. Yo louvri zòrèy
yo, y'ap tann konsa konsèy m'ap bay. **22** Pawòl mwen
tonbe nan kè yo tankou grenn lapli. Lè m' fin pale, pesonn
pa gen anyen pou di ankò. **23** Yo t'ap tann mwen pale
tankou tè sèk k'ap tann lapli. Yo rete bouch louvri pou
ranmase sa m'ap di. **24** Lè yo dekouraje, mwen fè yon ti ri
ak yo. Sa te kont pou remoute kouraj yo. **25** Mwen te
kanpe alatèt yo. Mwen mennen yo tankou yon wa k'ap
mennen sòlda li yo. Mwen di yo sa pou yo fè. Mwen te ba
yo kouraj lè yo nan lafliksyon.

30 Men koulye a, moun ki pi jenn pase m' yo ap pase
m' nan rizib. Papa yo se moun mwen pa t' pran
pou anyen, moun mwen pa ta menm mete ak chen m'
pou gade mouton. **2** Epitou, yo te twò fèb pou fè anyen
pou mwen. Se te yon bann gason san kouraj. **3** Mizè ak
grangou te fini ak yo. Lannwit se grenn bwa yo te konn al
souse nan savann kote moun pa rete. **4** Yo pran fèy raje
pou yo manje. Ata rasin bayawonn pase. **5** Kote yo pase
moun mete yo deyò, yo rele bare dèyè yo tankou vòlè. **6**
Yo te blije al rete nan twou wòch, nan twou tè sou bò ravin
yo. **7** Y'ap rele tankou bèt mawon nan raje a. Yo fè pil sou
pil nan savann lan. **8** Se te yon bann sanzave ki pa t'
menm gen non. Yo te mete yo deyò nan peyi a. **9** Koulye
a, y'ap fè chante sou mwen. Y'ap bay istwa sou do m'. **10**
Yo pè pwoche bò kote m' pou m' pa sal yo. Yo menm
krache nan figi m'. **11** Paske Bondye kraze kouraj mwen,
li lage m' atè, kifè, mapou tonbe, kabrit manje fèy li. **12**
Bann moun sa yo leve dèyè m', y'ap fè m' kouri. Yo lage
dèyè m' pou yo pran m'. **13** Yo sènen m' toupatou pou yo
ka fini avè m'. Pa gen pesonn pou di yo pa fè sa. **14** Yo
pase nan fant barikad, yo tonbe sou mwen. Yo pilonnen
m' anba pye yo. **15** Yon sèl latranblad pran mwen. Tankou
yon kout van li kraze kouraj mwen. Tankou yon nwaj k'ap
pase, tout byen m' yo disparèt. **16** Koulye a, mwen prèt
pou m' mouri. Lafliksyon ap fini avè m'. **17** Lannwit, tout
zo nan kò m' ap fè m' mal. Doulè ap manje m' anndan san

rete. 18 Bondye ponyen m' nan kòlèt, l'ap chifonnen tout
rad sou mwen. 19 Li voye m' jete nan labou. Mwen pa pi
bon pase pousyè tè ak sann dife. 20 Mwen rele nan pye
ou, Bondye! Ou pa reponn mwen. Mwen kanpe devan
ou, ou pa okipe m' menm. 21 Ou pa menm moun lan
ankò. W'ap malmennen m'. Ou soti pou pèsekite m' ak
tout fòs ou. 22 Ou fè van pote m' ale. M'ap vole tankou
pay. Ou voye yon van tanpèt boulvèse m'. 23 Wi, mwen
konnen byen pwòp w'ap mennen m' pou m' al mouri, pou
m' al sibi sò k'ap tann tout moun lan. 24 Poukisa w'ap
atake yon moun ki tou fin mouri, yon moun ki pa ka fè
anyen ankò pase mande padon? 25 Eske mwen pa t' nan
lapenn ansanm ak moun ki te nan mizè? Eske kè m' pa t'
fè m' mal pou moun ki pa t' gen anyen menm yo? 26
Mwen t'ap tann kontantman, se malè ki vini. Mwen t'ap
tann limyè, se fènwa ki kouvri m'. 27 Tout zantray mwen
ap bouyi san rete. Chak jou m'ap soufri pi rèd. 28 M'ap
mache kagou, san pesonn pou konsole m'. Mwen kanpe
nan mitan tout moun, m'ap mande sekou. 29 Vwa mwen
tankou vwa koukou. Mwen rele tankou frize. 30 Po m'
vin tou nwa, l'ap dekale. Lafyèb ap manje m' nan zo. 31
Lontan se mizik gita ak fif ase ki te nan zòrèy mwen. Men,
koulye a, se plenn, se kriye ase m'ap tande.

31 Mwen te fè sèman pou m' pa janm gade yon jenn
fi avèk move lide. 2 Kisa Bondye ki anwo a ap fè
nou konsa? Kisa Bondye ki gen tout pouvwa a sere pou
nou? 3 Li voye malè pou moun ki pa mache dwat. Li voye
tribilasyon pou moun k'ap fè mechanste. 4 Eske Bondye
pa konnen tou sa n'ap fè? Eske li pa wè tout vire tounen
m'? 5 Eske mwen janm nan bay manti? Eske mwen janm
chache twonpe moun? 6 Se pou Bondye peze m' nan
bon balans li a. Se pou Bondye wè jan m' toujou mache
dwat. 7 Si mwen janm pran chemen kwochi pou mwen, si
mwen te kite lanvi anvayi kè m', si mwen janm mete men
m' nan sa ki mal, 8 se pou lòt moun rekòlte sa mwen
plante. Se pou yo rache tout ti plant k'ap pouse nan jaden
m'. 9 Si mwen te kite yon lòt fanm pran tèt mwen, pou m'
al kache devan pòt yon frè mwen ap veye, 10 se pou
madanm mwen fè manje pou yon lòt gason. Se pou lòt
gason kouche avè l'. 11 Se yon gwo bagay sal mwen ta
fè la a. Se bagay pou yo ta touye m'. 12 Se ta tankou
yon gwo dife mwen limen pou fini avè m' nèt. Li ta boule
dènye sa m' genyen. 13 Lè domestik mwen osinon sèvant
mwen gen kont avè m', si mwen ta refize mete rezon an
kote l' ye a, 14 kisa mwen ta fè, lè Bondye parèt devan
m'? Lè l'a mande m' kont, kisa m'a reponn li? 15 Menm
Bondye ki fè m' nan vant manman m' lan, se li menm tou
ki fè yo nan vant manman pa yo. Se li menm ki kreye nou
tout. 16 Mwen pa janm refize ede yon pòv. Ni mwen pa
janm kite vèv yo nan nesesite. 17 Mwen pa janm kite
timoun san papa yo rete grangou pou m'ap manje manje
m' pou kont mwen. 18 Okontrè, depi m' fèt, m' sèvi ak
timoun sa yo tankou papa ak pitit. Depi m' soti nan vant
manman m', m'ap pran swen vèv yo. 19 Lè m' jwenn yon
malere toutouni osinon yon pòv endijan san yon bout dra,
20 mwen ba yo rad pou mete sou yo, mwen pran lenn sou
do mouton m' pou m' ba yo chofe. 21 Si m' te janm aji mal
ak yon timoun san papa paske mwen konnen y'a toujou
ban m' rezon nan tribinal, 22 enben, se pou zepòl mwen
dejwente, se pou de bra m' kase. 23 Paske, mwen pè
jijman Bondye. Mwen pa ka kanpe devan l'. 24 Mwen
pa janm mete konfyans mwen nan lò pou m' ta di se sa
k'ap pwoteje m'. 25 Mwen pa janm vante tèt mwen dèske
mwen gen anpil byen, dèske mwen fè anpil lajan ak men
mwen. 26 Mwen pa janm adore solèy ak lalin lè yo klere
byen bèl nan syèl la. 27 Mwen pa janm pèdi tèt mwen
pou m' sèvi yo an kachèt. 28 Sa a tou, yo ta mèt touye
m' si m' ta fè l', paske mwen ta nye Bondye ki gen tout
pouvwa a. 29 Mwen pa janm kontan lè lènmi m' ap soufri.
Mwen pa janm fè fèt lè malè tonbe sou yo. 30 Mwen pa
janm kite bouch mwen chape pou m' ta ba yo madichon,
pou m' ta rive mande lanmò pou yo. 31 Tout moun k'ap
viv nan kay avè m' konnen mwen toujou byen resevwa
tout moun lakay mwen. 32 Vwayajè pa janm dòmi deyò
nan lari. Pòt kay mwen toujou louvri pou yo. 33 Mwen pa
janm kache peche m' pou pesonn. Ni mwen pa janm fè sa
ki mal an kachèt. 34 Mwen pa janm pè sa moun ap di.
Mwen pa janm pè louvri bouch mwen ni pè mete pwent
tèt mwen deyò, paske mwen ta pè pou moun pa lonje
dwèt sou mwen. 35 Pa gen pesonn pou koute sa m'ap di
la a? Mwen fin di sa pou m' di a. Koulye a, se Bondye ki
pou reponn mwen. Si moun ki pa vle wè m' lan ta voye
papye nan tribinal pou mwen, 36 mwen ta pote papye sa
a sou zepòl mwen san ankenn wont. Mwen ta mare l' sou
tèt mwen, tankou yon kouwòn. 37 Mwen ta di Bondye
dènye sa mwen fè. Mwen ta kenbe tèt mwen dwat devan
l'. 38 Si se vòlò mwen te vòlò tè m'ap travay la kifè koulye
a tè a ap mande m' kont, 39 si mwen te manje rekòt jaden
an san peye travayè yo kifè koulye a y'ap pote plent pou
mwen, 40 enben, se pikan ak chadwon ki pou leve nan
jaden m' kote ble ak lòj te konn pouse. Se konsa Jòb te
fin pale.

32 Jòb te sitèlman sèten li te inonsan, twa mesye yo
kite sa, yo pa chache reponn li ankò. 2 Men, Eliyou
ki te kanpe la fè yon sèl kòlè. Eliyou sa a, se pitit Barakèl,
moun fanmi Bouz, nan branch fanmi Ranm lan. Li fè yon
sèl kòlè sou Jòb, paske Jòb t'ap bay tèt li rezon, li t'ap bay
Bondye tò. 3 Li te ankòlè sou twa zanmi Jòb yo tou. Yo pa
t' jwenn anyen pou yo reponn Jòb. Konsa, yo menm tou,
se Bondye yo te bay tout tò a. 4 Antan yo twa a t'ap pale,
Eliyou te rete la san di anyen, paske yo te pi gran pase l'.
5 Lè li wè mesye yo pa t' jwenn anyen ankò pou reponn
Jòb, li fè yon sèl kòlè. 6 Li pran lapawòl, li di konsa: -
Mwen menm, se jenn gason mwen ye. Nou menm, se
granmoun nou ye. Se poutèt sa mwen te yon ti jan wont.
Mwen te pè antre nan koze a. 7 Mwen t'ap di nan kè m':
Kite granmoun pale! Kite sa ki gen laj sou tèt yo mete bon
konprann yo deyò. 8 Men, pou di vre, se lespri Bondye
ki gen tout pouvwa a sèl ki pou antre nan tèt yon moun

pou ba li bon konprann! 9 Se pa laj ki bay moun bon
konprann. Se pa cheve blan ki fè moun konnen sa ki
dwat. 10 Koulye a, mwen ta renmen nou koute m'. Kite m'
di nou sa m' konnen sou koze a. 11 Mwen tande byen
tande tou sa nou di. Mwen te louvri zòrèy mwen gran
louvri pou m' pa manke anyen nan pawòl nou yo, pandan
n'ap chache mo pou nou di. 12 Mwen t'ap swiv sa n'ap di.
Men, yonn nan nou pa rive fè Jòb fèmen bouch li. Nou
yonn pa rive demanti msye. 13 Pa vin di m' nou konprann
koulye a se Bondye ki pou reponn. Lèzòm pa kapab. 14
Se avè nou Jòb t'ap pale. Se pa avè m'. Konsa, mwen
pral reponn msye yon lòt jan. 15 Jòb, ou wè mesye yo pa
konn sa pou yo di ou. Yo pa jwenn anyen pou reponn ou
ankò. 16 Mwen t'ap tann yo. Men, koulye a yo fèmen
bouch yo. Yo sispann pale, yo pa reponn ou. 17 Atòkile,
se mwen ki pral pale, mwen pral di ou sa m' konnen nan
koze a. 18 Mwen plen pawòl nan bouch mwen. Si m' pa
pale m'a toufe. 19 Pawòl ki nan tèt mwen, ou ta di yon
diven k'ap fèmante. Li prèt pou pete veso kote l' ye a. 20
Se pou m' pale pou m' ka soulaje konsyans mwen. Se
pou m' louvri bouch mwen reponn ou. 21 Mwen p'ap pran
defans pyès moun. Mwen pa pral achte figi nou yonn la a.
22 Mwen pa konn flate moun. Lèfini, si m' ta fè sa, Bondye
ki kreye m' lan ta disparèt mwen lapoula.

33 Atòkile, Jòb, tanpri, koute sa m'ap di ou. Louvri
zòrèy ou byen pou ou tande m'. 2 M' pare pou m'
di dènye sa ki vin nan bouch mwen. 3 M' pral di tou sa
ki nan kè m'. Se verite a tou senp mwen pral pale. 4
Se lespri Bondye a ki fè m'. Se souf Bondye ki gen tout
pouvwa a ki ban m' lavi. 5 Si ou kapab, w'a reponn mwen.
Pare kò ou. Pran pozisyon batay ou avè m'. 6 Ou menm
avè m', devan Bondye nou tout se menm. Nou tou de,
se ak labou li fè nou. 7 Ou wè! Ou pa bezwen pè m'!
Mwen pa ka fè ou anyen! 8 Mwen te tande ou ak de
zòrèy mwen. Ki jan ou fè ka di: 9 Mwen menm, mwen
inonsan. M' pa fè ankenn peche! M' pa gen anyen sou
konsyans mwen. 10 Men, se Bondye ki pretann mwen ba
l' jwen pou l' atake m'. Se li menm k'ap aji avè m' tankou
si mwen te lènmi l'. 11 Li mete de pye m' nan sèp. L'ap
veye tou sa m'ap fè. 12 La, Jòb monchè, m'ap reponn ou:
ou antò. Paske Bondye pa kanmarad moun. 13 Poukisa
w'ap chache Bondye kont konsa? Se paske li pa reponn
lè w'ap plenyen nan pye l'? 14 Bondye pale divès jan.
Men, pesonn pa okipe sa l'ap di. 15 Lè moun kouche nan
kabann yo, lè yo fon nan dòmi lannwit, Bondye pale ak yo
nan rèv, nan vizyon. 16 Li fè yo konnen sa li gen pou l' di
yo. Li ba yo avètisman pou yo mache sou piga yo. 17 Li
vle pou yo kite move chemen y'ap swiv la, pou yo pa kite
lògèy vire tèt yo. 18 Konsa, yo p'ap mouri. Y'a sove lavi
yo. 19 Bondye avèti moun tou lè li voye maladi sou yo.
Li ba yo doulè nan tout kò yo. 20 Li bay yo degoutans
manje. Yo pèdi anvi manje menm lò manje a gou. 21 Y'ap
depafini, tout moun wè jan y'ap vin mèg. Tout zo nan kò
yo griyen. 22 Sa ki rete pou yo mouri a, pou y' ale nan
peyi san chapo a pa anyen. 23 Lè sa a, yon zanj Bondye
ka vin bò kote l', yonn nan milyonven zanj Bondye yo ki la
pou fè moun chonje devwa yo. 24 Zanj lan va gen pitye
pou li. L'a di Bondye: -Tanpri, pa kite l' mouri. M'ap peye
pou sove lavi li. 25 Kò li va refè, l'a vin fre tankou lè l' te
jenn. 26 Li lapriyè Bondye, Bondye reponn li. li al adore
Bondye ak kè kontan. Bondye padonnen l' devan tout
moun. 27 L'ap mache bay Bondye lwanj toupatou. L'ap di:
-Mwen te peche, mwen te fè sa ki mal. Men, Bondye pa
fè m' peye pou sa m' te fè a. 28 Li egzante m' lanmò. Li
ban m' lavi ankò. 29 Men tou sa Bondye ap fè, de fwa,
twa fwa pou lèzòm, 30 pou l' pa kite yo mouri, pou l' ba yo
lavi ak kè kontan. 31 Koulye a, Jòb, louvri zòrèy ou! Koute
byen sa m'ap di! Pe bouch ou la! Kite m' fin pale! 32 Men,
si ou gen kichòy ou vle di, pale; m'ap koute ou. Paske
mwen ta vle ba ou rezon. 33 Osinon, pe bouch ou, koute
m' pito! Kite m' moutre ou sa ki rele gen bon konprann.

34 Eliyou pran lapawòl ankò. Li di konsa: 2 -Nou menm
moun lespri yo, koute sa m'ap di nou! Nèg save yo,
louvri zòrèy nou! 3 Zòrèy konnen lè pawòl bèl menm jan
bouch konnen lè manje gou. 4 Annou wè kote jistis la ye.
Ann mete rezon an kote pou l' ye a. 5 Jòb pretann li nan
dwa li, se Bondye ki derefize rann li jistis. 6 Li di: Si m' di
m' antò, se manti m'ap bay. Mwen malad pou m' mouri.
Men, m' pa fè anyen ki mal. 7 Ou janm jwenn yon moun
tankou Jòb? L'ap pase verite Bondye a nan betiz alèz
tankou si se dlo l'ap bwè. 8 Li fè bann ak moun k'ap fè
mechanste yo. L'ap pwonmennen ansanm ak malveyan
yo. 9 Se li menm menm ki di ak bouch li: Sa pa rapòte
anyen, lè yon moun ap chache fè volonte Bondye. 10
Nou menm ki gen lespri, koute sa m'ap di. Bondye pa ka
fè mechanste. Bondye ki gen tout pouvwa a pa ka nan
patipri. 11 Li bay chak moun sa yo merite dapre sa yo fè.
Li aji ak yo dapre jan yo mennen bak yo. 12 Non! Bondye
pa janm fè sa ki mal. Bondye ki gen tout pouvwa a pa
nan paspouki. 13 Se pa yon lòt moun ki te bay Bondye
pouvwa pou l' gouvènen latè, ni se pa yon lòt moun ki te
mete tou sa ki egziste sou kont li. 14 -(we vèsè pwochen)
15 Si Bondye te kenbe souf ki bay lavi a pou tèt li, yon
sèl kou a, bèt kou moun ta mouri. Yo ta tounen pousyè
tè ankò. 16 Si nou gen bon konprann, koute sa byen.
Louvri zòrèy nou pou nou tande sa m'ap di. 17 Eske n'ap
kondannen Bondye ki gen tout pouvwa a, epi k'ap rann
jistis la? Eske yon moun ki pa vle wè jistis ka gouvènen?
18 Bondye pini wa yo lè yo fè sa ki mal. Li pini gwo chèf
yo lè yo fè mechanste. 19 Li pa nan achte figi chèf yo. Ou
te mèt pòv, ou te mèt rich, pa gen diferans pou li, paske
se li menm ki fè yo tout. 20 Yo rete konsa yo mouri, yo ale
nan mitan lannwit. Pèp la annik souke kò l', yo disparèt.
Bondye touye gwo chèf yo san li pa leve ti dwèt li. 21
L'ap veye tout vire tounen lèzòm. L'ap gade tout kote y'ap
mete pye yo. 22 Pa gen ankenn fènwa, ni ankenn lonbray
ki ka anpeche l' wè sa mechan yo ap fè. 23 Li pa bezwen
voye manda bay moun pou yo prezante devan l' pou l' jije
yo. 24 Li pa bezwen nan chache konnen pou l' kraze chèf

yo, lèfini pou l' mete lòt moun nan plas yo. **25** Paske li
konnen dènye sa yo fè. Yon jou lannwit konsa, li desann
yo li pilonnen yo anba pye l'. **26** Li souflete yo tankou
malfektè nan mitan lari pou tout moun ka wè. **27** Paske yo
te vire do ba li, yo te fè tankou yo pa konnen lòd li bay yo.
28 Yo fè, yo fè jouk pòv yo rele mande Bondye sekou, jouk
Bondye tande jan piti yo ap rele anba men yo. **29** Men, si
Bondye rete san l' pa fè anyen, ki moun ki ka di l' kichòy?
Si li kache kò li, ki moun ki ka wè l'! Men, pa pè! L'ap veye
sou tout moun nan tout peyi. **30** Li p'ap kite move chèf
gouvènen yo, li p'ap kite yo tann pèlen pou pèp la. **31**
Men, si yon mechan pale ak Bondye, si li di l': -Wi, mwen
te fè sa ki mal. Mwen p'ap fè sa ankò. **32** Tanpri. Louvri je
m'. Fe m' wè sa m' fè a. Si mwen te aji ak mechanste,
mwen p'ap rekonmanse ankò. **33** Dapre ou, Jòb, èske se
pou Bondye pini l'? Mwen mande ou sa paske m' konnen
ou pa dakò ak sa Bondye fè a. Men, se ou menm ki pou
deside. Pa mwen menm. Manyè di m' sa ki nan kè ou. **34**
Moun lespri ansanm ak moun bon konprann k'ap koute
m' yo va di m' konsa: **35** Jòb ap pale anpil, men li pa
konn sa l'ap di. Tou sa l'ap di yo pa gen ni pye ni tèt. **36**
Egzaminen byen tou sa Jòb di la a. N'a wè li pale tankou
yon moun ki mechan nan kè l'. **37** Li fin fè kont peche
l', koulye a l'ap kenbe tèt ak Bondye. L'ap seye fè nou
konprann li pa antò. L'ap plede fè Bondye remontrans.

35 Eliyou pran lapawòl ankò, li di: **2** -Pa konprann ou
gen rezon lè w'ap di ou inonsan devan Bondye, **3** lè
w'ap di Bondye: Ki mele ou sa? M' te mèt peche, sa pa fè
ou anyen. **4** Enben. Mwen pral reponn ou, ni ou ni zanmi
ou yo. **5** Gade syèl la! Ou wè jan nwaj yo wo anwo tèt ou!
6 Si ou fè peche, sa pa fè Bondye anyen! Ou te mèt fè
peche sou peche, sa pa di l' anyen? **7** Si ou mache dwat,
ki avantaj Bondye jwenn nan sa? Kisa ou ba li la a? **8** Se
moun parèy ou ki soufri lè ou fè sa ki mal. Se yo ki pwofite
tou lè ou fè sa ki dwat. **9** Lè moun ap sibi anba ponyèt lòt
moun, yo plenyen. Lè se chèf k'ap peze yo, yo rele. **10**
Men, yo pa vire kote Bondye ki kreye yo a. Yo te mèt nan
nenpòt gwo lapenn, se li menm k'ap ba yo kouraj. **11** Yo
pa vire kote Bondye ki ba yo plis lespri pase bèt nan bwa,
plis bon konprann pase zwezo nan syèl la. **12** Yo rele
kont rele yo, Bondye pa reponn yo, paske mechan yo gen
lògèy. **13** Se pou gremesi y'ap plede rele konsa. Bondye
pa tande, li pa wè. **14** Jòb monchè, ou di ou pa ka wè
Bondye. Men, ou mete ka ou devan li. **15** Ou di ankò:
Bondye pa nan pini. Mwen te mèt peche, sa pa di l' anyen.
16 Jòb monchè, w'ap louvri bouch ou pou ou pa di anyen.
W'ap fè tout pale anpil sa a paske ou pa konn sa w'ap di.

36 Eliyou pran pale ankò, li di konsa: **2** -Pran yon ti
pasyans. Kite m' fè yon ti pale ankò, paske m' poko
fin di sa m' gen pou m' di pou pran defans Bondye. **3**
Mwen pral sèvi ak tou sa mwen konnen pou m' moutre ou
se Bondye ki kreye m' lan ki gen rezon. **4** Mwen p'ap
bay manti nan sa m'ap di la a. Se yon nonm ki gen anpil
konesans k'ap pale avè ou la a. **5** Bondye gen pouvwa. Li
pa meprize pesonn. Pa gen anyen li pa konprann. **6** Li
p'ap kite mechan yo viv lontan. Li toujou aji ak pòv yo san
patipri. **7** Li defann kòz moun ki mache dwat yo. Li mete
yo chèf pou yo gouvènen tankou wa. Toutan tout moun ap
pale byen pou yo. **8** Men, si Bondye mete yo nan chenn,
si lafliksyon makònen nan tout kò yo, **9** Bondye va louvri
je yo pou yo ka wè tou sa y'ap fè a. Li moutre yo se lògèy
k'ap fè yo fè peche. **10** Li pale nan zòrèy yo pou avèti yo.
Li mande yo pou yo sispann fè sa ki mal. **11** Si yo koute
Bondye, si yo soumèt devan li, y'a viv rès lavi yo nan kè
kontan ak nan plezi. **12** Si se pa sa, y'ap rete konsa y'ap
mouri. Y'ap desann kote mò yo ye a san yo pa konnen.
13 Men, mechan yo ap fè tèt di. Yo fache pi rèd. Yo te mèt
anba kou, yo p'ap mande sekou. **14** Yo jenn gason toujou,
yo gen tan mouri. Yo t'ap mennen yon lavi dezòd. **15**
Men, Bondye pran soufrans lan, li sèvi avè l' pou li moutre
lèzòm anpil bagay. Se lè yo anba tray, li louvri lespri yo. **16**
Ou menm tou, Bondye vle wete ou nan gwo lapenn sa a,
pou ou ka rive gen jwisans san moun pa chache ou kont.
Te gen yon lè tab ou te chaje ak bon manje. **17** Lè sa a,
ou te fè menm lide ak mechan yo. Koulye a, yo pral pini
ou jan ou merite l' la. **18** Veye zo ou! Pa kite richès vire
tèt ou ankò! Pa kite yo achte ou ak lajan osinon ak gwo
kado! **19** Se pou ou jije tout moun, rich kou pòv, gwonèg
la tankou nèg fèb la. **20** Pa kraze moun ki pa anyen pou
ou pou mete fanmi ou nan plas yo. **21** Atansyon pou ou
pa fè sa ki mal. Se pou sa menm w'ap soufri konsa. **22**
Gade jan Bondye gen anpil pouvwa. Pa gen pi gran mèt
pase l'. **23** Pesonn pa ka di Bondye sa pou l' fè. Pesonn
pa ka di l' sa l' fè a mal. **24** Se pou ou fè lwanj travay li
pito, tankou tout moun toujou fè l' la. **25** Se bèl bagay
pou tout moun wè. Yo rete byen lwen, y'ap gade. **26** Wi.
Nou p'ap janm ka fin konprann jan Bondye gen pouvwa!
Nou p'ap janm ka fin konnen depi kilè Bondye la. **27** Se li
menm ki rale dlo sou latè, ki fè l' tounen vapè nan nwaj yo
pou bay lapli. **28** Lèfini, li kite lapli soti nan syèl la tonbe
sou tout moun sou latè. **29** Pesonn pa konnen ki jan nwaj
yo fè deplase, ki jan loraj fè gwonde nan syèl kote Bondye
rete a. **30** Li kouvri syèl la ak nwaj yo. Li kouvri tout tèt
mòn yo. **31** Se konsa li bay pèp la manje. Li ba yo manje
an kantite. **32** Li kenbe zèklè yo nan pla men li. Li bay lòd
pou loraj tonbe kote li menm li vize a. **33** Loraj la anonse
move tan. Ata bèt yo santi move tan an ap vini.

37 Lè konsa, kè m' ap bat. M' santi l'ap rache. **2** Nou
tout, koute vwa Bondye! Koute jan l'ap gwonde! **3**
Zèklè a kouri nan tout syèl la. Li klere dènye bout latè. **4**
Apre sa, yo tande vwa li ap gwonde. Loraj la gwonde
avèk fòs. Lè konsa, zèklè fè mikalaw. **5** Lè Bondye ap
pale konsa, li fè bèl bagay, bagay nou pa ka konprann. **6**
Li bay lanèj lòd kouvri latè. Li bay gwo lapli lòd tonbe. **7** Li
fè tout moun sispann travay. Li fè yo wè sa se travay pa l'.
8 Tout bèt antre nan twou. Y' al kache kò yo nan nich. **9**
Van tanpèt soti nan sid. Van frèt soti nan nò. **10** Souf
Bondye fè dlo tounen glas. Konsa, tout dlo tounen glas.
11 Zèklè yo ap fè yan nan nwaj yo. Nwaj yo klere byen

lwen. **12** Bondye fè yo vire nan syèl la jan li vle. Yo fè tou
sa li ba yo lòd fè toupatou sou latè. **13** Bondye voye lapli
pou wouze latè. Li voye l' pou pini moun, li voye l' pou
beni yo tou. **14** Louvri zòrèy ou, Jòb, pou ou tande sa m'
pral di la a. Pran tèt ou, egzaminen bèl travay Bondye yo
byen. **15** Eske ou konnen ki jan Bondye ba yo lòd, ki jan li
fè zèklè yo klere nan nwaj yo? **16** Eske ou konnen ki jan
nwaj yo fè flote nan syèl la? Sa se yon bèl bagay. Pou ou
fè l' fòk ou gen anpil ladrès. **17** Lè van cho ki soti nan sid
la ap kwit tè a, ou santi rad sou ou ap boule tout kò ou.
18 Eske ou ka ede Bondye louvri nwaj yo nan syèl la, pou
fè yo di tankou bout fè? **19** Fè m' konnen sa pou nou di
Bondye. Lespri nou vid. Nou pa gen anyen pou nou di
l'. **20** Mwen pa mande pou m' pale ak Bondye. Poukisa
pou m' ba li okazyon pou li touye m'? **21** Ou rete konsa
ou pa wè solèy la. Li kache anba nwaj yo. Yon van leve,
li fè solèy la klere ankò. **22** Yon bèl klète, klere kou lò,
parèt sou bò nò. Nou wè Bondye kanpe nan mitan yon
bèl limyè ki fè nou pè. **23** Nou pa ka pwoche bò kote
Bondye ki gen tout pouvwa a. Li sèl gwo chèf, li sèl jij, li
pa nan patipri. Li p'ap kondannen yon moun ki inonsan.
24 Se poutèt sa, tout moun fèt pou gen krentif pou li. Li
p'ap okipe moun ki pretann yo gen bon konprann.

38 Lè sa a, nan yon gwo van tanpèt, Seyè a pale ak
Jòb. Li di l' konsa: **2** -Kisa ou ye menm pou w'ap
poze keksyon sou plan travay mwen ak yon bann diskou
ki pa vle di anyen? **3** Mete gason sou ou! M' pral poze ou
keksyon. Pare kò ou pou ou reponn mwen. **4** Kote ou te
ye lè m' t'ap fè latè? Se pou ou reponn mwen si ou konn
tout bagay! **5** Ki moun ki te deside lajè l'ap genyen? Ki
moun ki te pran mezi l'? Eske ou konn sa? **6** Sou kisa
fondasyon latè chita? Ki moun ki te poze wòch ki kenbe l'
la? **7** Jou maten sa a, tout zetwal yo t'ap chante, tout
sèvitè Bondye yo t'ap bat bravo. **8** Ki moun ki fèmen
pòtay pou bare lanmè a, lè li pete soti nan vant latè a? **9**
Lè mwen kouvri lanmè a ak nwaj, lè mwen vlope l' nan
gwo nwaj nwa yo, **10** mwen bay lanmè a bòn li. Mwen
mete pòt avèk kle pou kenbe l' nan plas li. **11** Mwen di l':
Men limit ou. Pa depase l'. Se la m'ap kraze fòs lanm ou
yo. **12** Jòb, èske yon sèl fwa ou janm bay lòd pou maten
rive? Ou janm bay lè pou bajou kase? **13** Eske ou janm
bay devanjou l' lòd pou l' klere sou tout latè, l' pou l' fè
mechan yo soti nan twou yo? **14** Lè sa a, tout mòn yo ak
tout fon yo parèt aklè, tankou mak pye bèt nan labou. Yo
pran koulè yo, ou ta di yon rad latè mete sou li. **15** Limyè
solèy la antrave mechan yo nan travay yo. Yo blije kite
mechanste yo te pare pou fè a. **16** Eske ou te desann
jouk kote sous lanmè a pete a? Eske ou te mache nan
fon lanmè a? **17** Eske yo te janm moutre ou pòtay peyi
lanmò a? Eske ou te janm wè pòt ki louvri sou gwo twou
san fon an? **18** Eske ou gen lide ki lajè latè a genyen?
Reponn mwen non, si ou konnen! **19** Eske ou konnen ki
bò limyè soti, ki bò fènwa rete, **20** pou ou ka moutre yo
jouk ki bò pou yo ale, osinon pou ou voye yo tounen lakay
yo? **21** Si ou konn sa, enben, ou te fèt deja lè mwen t'ap
kreye yo a. Ou pa manke gen laj sou tèt ou! **22** Eske ou
janm rive kote yo fè depo lanèj lan? Ou janm wè depo
lagrèl la? **23** Ou konnen depo kote m' sere yo pou lè gen
move tan, pou lè batay ak lagè ap fèt? **24** Ou konnen ki
bò solèy la leve, ki bò van lès la soti pou l' soufle sou
latè? **25** Ou konnen ki moun ki fè wout bay lapli tonbe, ki
moun ki fè chemen pou loraj la, **26** pou lapli tonbe sou
dezè a kote moun pa rete, **27** pou wouze tè sèk k'ap fann
nan solèy, pou fè zèb pouse nan savann? **28** Eske lapli a
gen papa? Ki moun ki fè lawouze? **29** Ki bò moso glas yo
soti? Lagrèl ki soti nan syèl la, ki moun ki manman l'? **30**
Se yo menm ki fè dlo vin di kou wòch, ki fè tout dlo anwo
lanmè a di kou wòch? **31** Ou ka mare zetwal Lapousiyè
yo ansanm? Ou ka lage kòd ki kenbe zetwal Oryon yo
ansanm? **32** Ou ka mennen zetwal yo soti lè lè yo rive?
Ou ka bay Gwo Kabwèt la ak Ti Kabwèt la direksyon pou
yo pran? **33** Ou konnen lwa k'ap gouvènen tout bagay
nan syèl la? Eske ou ka sèvi ak lwa sa yo pou gouvènen
sa k'ap pase sou latè? **34** Eske ou ka bay nwaj yo lòd pou
yo voye gwo lapli sou ou? **35** Si ou bay zèklè yo lòd pou
yo pati, èske y'ap reponn ou: Wi, men nou? **36** Ki moun ki
penmèt krabye konprann lè pou li anonse dlo pral desann
fè inondasyon? Ki moun ki fè gwo zwezo sa a konnen lè
lapli pral tonbe? **37** Ki moun ki ka konte kantite nwaj ki
genyen, san manke yonn? Ki moun ki ka panche yo pou
vide dlo lapli, **38** pou pousyè tè a tounen labou, pou boul
tè yo kole ansanm? **39** Eske se ou ki jwenn manje pou
bay lyon yo manje? Eske ou bay ti lyon yo manje plen
vant yo, **40** kote yo kache nan twou yo a, osinon kote yo
kouche ap tann nan nich yo a? **41** Ki moun ki pare manje
pou kònèy yo, lè grangou fè yo soti nan nich yo, lè pitit yo
ap rele nan pye m' pou m' ba yo manje?

39 Eske ou konnen lè kabrit mawon yo ap fè pitit?
Eske ou janm wè kote fenmèl yo ap miba? **2** Eske
ou konnen konbe mwa yo pote yon pitit nan vant yo? Kilè
pitit yo rive dat pou yo fèt? **3** Eske ou konnen lè yo pral
kwoupi pou miba, lè y'ap fè pitit yo nan mitan dezè a? **4**
Pitit yo grandi, yo pran fòs, yo kite manman yo, y' ale, yo
pa tounen. **5** Ki moun ki bay bourik mawon libète yo? Ki
moun ki lage yo nan savann? **6** Mwen ba yo dezè pou
kay yo. Mwen kite yo viv nan savann tè sale a. **7** Tout bri
k'ap fèt nan lavil yo pa di yo anyen. Pesonn pa ka donte
yo pou fè yo travay. **8** Yo mache nan tout mòn yo dèyè
manje. Y'ap chache fèy vèt pou yo mete anba dan yo. **9**
Eske ou ka fè bèf mawon travay pou ou? Eske l'ap rete
pase nwit mare nan lakou kay ou? **10** Eske ou ka pase
kòd nan kou yonn pou fè l' raboure tè a pou ou? Eske
ou ka fè l' rale chari pou woule tè jaden ou yo? **11** Eske
ou ka konte sou gwo fòs kouraj li pou fè li travay di pou
ou? **12** Eske ou kwè l'ap asepte pote rekòt ou soti nan
jaden? Eske l'ap asepte ranmase grenn ou yo sou glasi?
13 Otrich alèz lè l'ap bat zèl li, men, li pa ka vole tankou
sigòy. **14** Otrich la ponn ze l' yo atè konsa. Se chalè tè a
ki fè yo kale. **15** Li pa konnen nenpòt moun k'ap pase ka
pile yo, nenpòt bèt nan raje ka kraze yo anba pye. **16** Li

fè tankou ze yo pa pou li. Sa pa di l' anyen si li bay tèt li
tout lapenn ponn ze yo pou gremesi, 17 Se mwen menm,
Bondye, ki fè l' sòt konsa, ki pa ba li lespri menm. 18
Men, lè l' pran kouri, nanpwen kavalye sou chwal ki ka
pran devan l'. 19 Eske se ou menm ki bay chwal yo fòs, ki
mete bèl krenyen sou kou yo? 20 Eske se ou ki fè yo sote
ponpe tankou kabrit, ki fè yo ranni pou fè moun pè? 21
Y'ap pyafe konsa nan ti fon yo, y'ap bat tè a ak zago yo.
Yo kouri ak tout fòs yo lè yo nan lagè. 22 Se brave danje
yo ye. Yo pa janm pè anyen. Pa gen zam ki pou fè yo
fè bak. 23 Lè konsa, ti sak flèch ki nan do kavalye yo
ap fè bri. Lans ak frenn ki nan men yo ap fè zèklè. 24
Yo eksite, yo pa ka tann. Y'ap kouri sou lènmi an. Lè yo
tande twonpèt la soufle, yo pa ka rete an plas. 25 Chak
fwa twonpèt la soufle, yo fè han! Yo gen tan pran sant
batay la byen lwen. Yo tande chèf yo k'ap pase lòd byen
fò. 26 Eske se ou ki moutre grigri jan pou l' vole lè li louvri
zèl li yo vole ale nan sid? 27 Eske se ou ki bay malfini lòd
pou li fè nich li byen wo sou tèt mòn yo? 28 Li rete sou tèt
gwo wòch yo. Se la li pase nwit. Kote l' ye a, moun pa
ka vin pran l'. 29 Se la li rete, l'ap veye bèt pou l' trape
manje. Li te mèt byen lwen, l'ap wè yo ak je li. 30 Se san
bèt ti malfini yo bwè. Kote ki gen kadav, se la yo ye.

40 Seyè a pale ak Jòb. Li di l' konsa: 2 -Jòb monchè,
ou menm ki t'ap kenbe tèt ak Bondye ki gen tout
pouvwa a, ou p'ap kite pou li? Ou menm ki t'ap kritike
Bondye a, ou vle reponn li koulye a? 3 Jòb reponn Seyè
a, li di l' konsa: 4 -Mwen pa t' konn sa m' t'ap di. Kisa
pou m' reponn ou? Se fèmen pou m' fèmen bouch mwen.
5 Mwen pale twòp deja. Mwen pa gen anyen pou m' di
ankò. 6 Seyè a rete nan van tanpèt la, li pale ak Jòb
ankò. Li di l': 7 -Koulye a, kanpe! Mete gason sou ou!
Mwen pral poze ou keksyon, se pou ou reponn mwen. 8
Eske ou soti vre pou moutre se lenjistis m'ap fè ou? Se
mwen menm ki antò, ou menm ou gen rezon? 9 Eske ou
gen menm fòs avè m'? Eske vwa ou ka gwonde tankou
vwa pa m'? 10 Si se konsa, kanpe non! Kenbe tèt ou
byen dwat! Gade tout moun nan je! Mete chèf sou ou! Fè
wè pouvwa ou! 11 Gade moun k'ap gonfle lestonmak yo
nan je. Move sou yo! Kraze kouraj yo! 12 Wi. Gade yo
nan je. Fè yo bese tèt yo! Kraze mechan yo la kote yo ye
a! 13 Mete yo tout anba tè. Mare bouch yo tout nan twou
kote mò yo ye a. 14 Lè sa a, mwen menm, m'a fè lwanj
ou, dèske avèk pwòp fòs ou ou te rive kraze yo. 15 Gade
gwo bèt lèd yo rele Beyemòt la. Se mwen ki fè l', menm
jan se mwen ki fè ou. Se zèb li manje tankou bèf. 16 Tout
fòs li, se nan ren l'. Tout kouraj li, se nan venn vant li.
17 Ke l' kanpe tankou yon pye sèd. Venn janm li yo fè
boul. 18 Zo l' yo di tankou fè tiyo. Janm li yo tankou de
bout fè. 19 Nan tout bèt mwen fè, se li ki pote premye pri.
Se mwen ki kreye l' la sèlman ki ka fè l' bat ba. 20 Li
manje zèb ki pouse sou mòn kote lòt bèt nan bwa ap pran
plezi yo. 21 Li kouche anba raje. Li kache nan mitan wozo
marekay yo. 22 Raje yo fè lonbray pou li. Pye sikren bò
larivyè yo ap pwoteje l'. 23 Larivyè ap desann, sa pa di
l' anyen. Larivyè Jouden gonfle rive wotè bouch li, li kè
pòpòz. 24 Ki moun ki ka pete je l' pou mete men sou li? Ki
moun ki ka pèse bwa nen l' ak yon fwenn bwa.

41 Eske ou ka pran levyatan an nan zen? Eske ou
ka mare lang li ak yon kòd? 2 Eske ou ka pase yon
bwa wozo nan nen l'? Eske ou ka pèse machwè l' ak yon
gwo zen? 3 Eske li pral mande ou: Tanpri souple, kite m'
ale? Eske l'ap pale dous avè ou? 4 Eske l'ap pase kontra
avè ou pou l' sèvi ou pou tout tan? 5 Eske ou ka mare l'
tankou yon ti zwezo pou pitit fi ou yo ka jwe avè l'? 6
Eske moun k'ap fè lapèch yo pral fè lajan avè l'? Eske
machann yo pral koupe l' an moso pou yo vann? 7 Eske
ou ka pike tout po kò l' ak fwenn? Eske ou ka pèse tèt li
ak yon fwenn? 8 Seye mete men ou sou li yon grenn fwa,
ou p'ap janm fè sa ankò, lè w'a chonje sa l'a fè ou! 9 Depi
ou wè levyatan an, ou pèdi tout kouraj ou. Ou annik wè l',
ou tonbe atè. 10 Si yo leve l' nan dòmi, li move. Pa gen
moun ki ka kanpe devan l'. 11 Ki moun ki ka atake l' san
anyen pa rive l'? Pa gen moun sou latè ki ka fè sa. 12
Mwen pa bezwen di ou anyen sou pa t' janm li yo. Men,
m'a fè ou konnen pa gen bèt ki gen fòs pase l'. 13 Pesonn
pa janm rive dechire premye po li. Ni pesonn pa janm rive
pèse karapas li. 14 Ki moun ki janm fòse l' louvri bouch
li? Dan nan bouch li, se bagay ki pou fè moun kouri. 15
Tout do l', se yon seri gwo kal mare yonn ak lòt. Yo di kou
wòch. 16 Yo kole yonn ak lòt, yo fè yon sèl. Pa gen yon
ti fant nan mitan yo pou lè pase. 17 Yo sitèlman byen
kole yonn ak lòt anyen pa ka separe yo. 18 Lè l' estènen,
limyè fè yan-yan. Je l' klere tankou solèy lè l'ap leve. 19
Flanm dife ap soti nan bouch li. Tensèl dife ap vole soti
ladan l'. 20 Lafimen ap soti nan tout twou nen l' tankou
nan yon chodyè k'ap bouyi sou dife. 21 Souf li ta ka limen
bwa dife. Flanm dife ap soti nan bouch li. 22 Se nan kou li
tout fòs li ye. Depi moun wè l', kè yo kase. 23 Po li fè kal
kal sou tout kò li. Yo kole yonn ak lòt. Yo di kou wòch. 24
Kè li di kou wòch, li pa pè anyen. Li fèm kou wòl moulen.
25 Lè li leve kanpe, ata gwonèg yo pè. Yo kouri san gad
dèyè. 26 Pa gen nepe ki ka blese l'. Ni fwenn, ni lans, ni
flèch pa ka fè l' anyen. 27 Pou li, nenpòt bout fè lejè kou
pay, nenpòt bout asye mou tankou bannann mi. 28 Pa
gen kout flèch ki pou fè l' kouri. Wòch fistibal, se boul
koton pou li. 29 Yon baton fè se yon bwa mayi pou li. Li ri
lè yo voye lans sou li. 30 Anba vant li graj graj tankou
moso kannari kraze. Kote li pase nan labou a, li make
l' tankou machin k'ap kraze boul tè nan jaden. 31 Lè l'
plonje, li boulvèse fon lanmè a, se tankou dlo nan chodyè
k'ap bouyi sou dife. Li fè l' bouyi tankou dlo nan veso y'ap
boule odè. 32 Lè l'ap naje, li kite nan dlo a yon chemen ki
klere nan solèy la. Li fè tout lanmè a kimen. 33 Pa gen
bèt tankou l' sou latè. Bondye kreye l' pou l' pa janm pè
anyen. 34 Li gade bèt ki pi fewòs yo nan je. Se li ki wa
tout bèt sovaj yo.

42 Men sa Jòb reponn Seyè a: 2 -Mwen konnen, Seyè,
ou gen tout pouvwa. W'ap fè tou sa ou mete nan tèt

ou pou ou fè. **3** Ou mande kisa mwen ye menm pou m'ap
poze keksyon sou plan travay ou, ak yon bann diskou ki
pa vle di anyen. Mwen te louvri bouch mwen pale sou sa
m' pa konprann, sou bèl bagay ki twò fò pou mwen. **4** Ou
te mande m' pou m' koute sa w'ap di m', pou m' pare pou
m' reponn ou. **5** Sa m' te konn sou ou a, se sa lòt moun
te di m' ase. Koulye a, mwen wè ou ak je mwen. **6** Se
konsa, mwen wete tou sa mwen te di. Mwen kouche sou
sann ak nan pousyè, m'ap mande padon. **7** Lè Seyè a fin
pale konsa ak Jòb, li pale ak Elifaz, moun lavil Teman an.
Li di l' konsa: -Mwen te fache sou ou ak sou de zanmi ou
yo, paske sa nou di sou mwen an pa vre menm. Nou pa t'
pale tankou Jòb, sèvitè m' lan. **8** Atòkile, men sa pou
nou fè: Pran sèt towo bèf ak sèt belye mouton. Al jwenn
Jòb ak yo. N'a ofri yo pou nou, n'a boule yo nèt. Jòb li
menm va lapriyè pou nou. M'a reponn li. Konsa, m'a fè pa
nou. Mwen p'ap pini nou deske nou pa t' pale byen sou
mwen, jan Jòb, sèvitè m' lan, te fè l' la. **9** Elifaz, moun
lavil Teman an, Bildad, moun lavil Chwa a, ak Sofa, moun
lavil Naama a, al fè tou sa Seyè a te di yo fè a. Seyè a fè
tou sa Jòb te mande l' nan lapriyè a. **10** Apre Jòb te fin
lapriyè pou twa zanmi l' yo, Seyè a mete l' kanpe ankò.
Tout zafè l' vin mache byen ankò. Lèfini, Seyè a ba li de
fwa lavalè tou sa li te genyen anvan an. **11** Tout frè ak sè
l' yo ansanm ak tout ansyen zanmi l' yo vin wè li. Yo fè fèt
avè l' lakay li. Yo fè l' konnen jan sa te fè kè yo mal pou li
pou tout malè sa yo Seyè a te voye sou li. Yo fè l' pran
kouraj. Yo chak yo fè l' kado yon pyès ajan ak yon bag
lò. **12** Apre sa, Seyè a te beni Jòb plis pase jan li te fè l'
anvan an. Jòb te vin genyen katòzmil (14.000) mouton,
simil (6.000) chamo, demil (2.000) tèt bèf ak mil (1000)
manman bourik. **13** Li fè sèt pitit gason ak twa pitit fi. **14** Li
rele pi gran pitit fi a Jemina, dezyèm lan Kesya, twazyèm
lan Kerèn apouk. **15** Nan tout peyi a pa t' gen pi bèl fanm
pase twa pitit fi Jòb yo. Papa a te ba yo chak yon pòsyon
nan byen l' yo ansanm ak frè yo. **16** Apre sa, Jòb viv jouk
li rive gen sankarantan sou tèt li. Li wè pitit pitit li yo ak
pitit pitit pitit li yo, jouk rive sou kat jenerasyon. **17** Lè li
mouri, li te fin vye granmoun, li te viv kont li.

Sòm

1 Ala bon sa bon pou moun ki pa koute konsèy mechan
yo, ki pa swiv egzanp moun k'ap fè sa ki mal, ki pa
chita ansanm ak moun k'ap pase Bondye nan betiz, **2**
men ki pran tout plezi l' nan lalwa Seyè a, k'ap repase l'
nan tèt li lajounen kou lannwit. **3** Li tankou yon pyebwa yo
plante bò kannal dlo: Li donnen lè sezon l' rive. Fèy li p'ap
janm fennen. Tou sa l' fè soti byen. **4** Men, se p'ap menm
bagay pou mechan yo. Yo tankou pay van an ap gaye. **5**
Se poutèt sa, jou jijman an, mechan yo p'ap ka leve tèt yo
devan Bondye, moun ki fè mal yo p'ap chita ansanm ak
moun ki fè byen yo. **6** Paske, Seyè a konnen jan moun ki
fè byen yo ap viv. Men, jan mechan yo ap viv la, yo gen
pou yo fini mal.

2 Poukisa nasyon yo ap toumante kò yo konsa? Poukisa
pèp yo ap fè plan ki p'ap sèvi yo anyen? **2** Wa latè yo
pran lèzam. Chèf yo mete tèt yo ansanm, y'ap fè konplo
sou do Seyè a, y'ap fè konplo sou do wa li chwazi a. **3**
Y'ap plede di: -Ann kase chenn yo mete nan pye nou yo!
Ann voye yo jete! **4** Seyè a rete chita nan syèl la, l'ap ri.
L'ap pase yo nan jwèt. **5** Apre sa, li fè kòlè, li pale ak
yo. Li move sou yo, li fè kè yo kase. **6** Li di: -Se mwen
menm ki mete wa mwen an sou mòn Siyon, mòn ki apa
pou mwen an. **7** Wa a di: -M'ap fè nou konnen sa Seyè
a deside. Li di mwen: Ou se pitit mwen. Depi jòdi a, se
mwen ki papa ou. **8** Mande m', m'a ba ou tout nasyon
yo pou eritaj ou. M'a ba ou tout latè pou bitasyon ou. **9**
W'ap kraze ren yo avèk yon baton fè, w'ap kraze yo an
miyèt moso tankou yon kannari yo kraze. **10** Koulye a,
nou menm wa yo, manyè konprann. Nou menm k'ap dirije
moun sou latè, manyè koute. **11** Sèvi Seyè a avèk krentif,
tranble nan tout kò nou, **12** bese tèt devan li. Si se pa sa,
n'a fè l' fache, n'a mouri, paske kòlè l' moute fasil. Ala bon
sa bon pou moun k'ap chache pwoteksyon anba zèl li!

3 David t'ap kouri pou Absalon, pitit li, lè li ekri sòm sa a.
Seyè, ala anpil lènmi m' yo anpil! Ala anpil moun k'ap
leve dèyè m' yo anpil! **2** Ala anpil moun k'ap pale sou
mwen yo anpil! Y'ap di: Aa! Bondye p'ap delivre l'! **3** Men
ou menm, Seyè, w'ap toujou pran defans mwen. W'ap fè
m' genyen batay la. Ou p'ap kite m' wont devan lènmi m'
yo. **4** Mwen rele Seyè a ak tout fòs mwen. Li rete sou
mòn ki apa pou li a, li reponn mwen. **5** Mwen kouche,
mwen dòmi, mwen leve anbyen, paske Seyè a ap soutni
mwen. **6** Mwen pa pè tout kantite moun sa yo ki sènen m'
toupatou. **7** Leve non, Seyè! Sove m' non, Bondye mwen!
Ou bay tout lènmi m' yo yon souflèt. Ou kase dan mechan
yo. **8** Se ou menm sèl, Seyè, ki ka sove nou. Beni tout
pèp ou a.

4 Pou chèf sanba yo. Se sou enstriman akòd pou yo
jwe mizik la. Se yon sòm David. Lè m' rele ou, reponn
mwen non, Bondye, ou menm k'ap fè m' jistis! Lè m' te
nan tèt chaje, ou te vin ede m'. Gen pitye pou mwen.
Koute lapriyè mwen. **2** Nou menm menm lèzòm, kilè
n'a sispann trennen non m' nan labou! Kilè n'a sispann
renmen bagay ki pa vo anyen! Kilè n'a sispann kouri dèyè
bagay ki pa vre! **3** Pa bliye, se Seyè a ki chwazi m' pou
moun pa li. Seyè a tande m' lè mwen rele l'. **4** Se pou nou
tranble tèlman nou pè, se pou n' sispann fè sa ki mal. Lè
nou pou kont nou nan chanm nou, kalkile sou sa. Epi pe
bouch nou. **5** Ofri bèt Seyè a mande pou yo touye pou li.
Mete konfyans nou nan li! **6** Gen anpil moun k'ap di: -Jan
nou ta renmen Bondye beni nou! Tanpri, Seyè, fè nou
santi ou la avèk nou! **7** Kontantman ou mete nan kè m' pi
gwo pase kontantman ki nan kè lèzòm lè yo gen anpil
manje ak anpil bwason. **8** Mwen moute kabann mwen
ak kè poze. Kou m' kouche, dòmi pran m'. Seyè, se ou
menm sèl ki p'ap janm kite anyen rive m'.

5 Pou chèf sanba yo. Se sou enstriman yo rele fif pou
yo jwe mizik la. Se yon sòm David. Koute sa m'ap di
ou, Seyè! Tande jan m'ap plenn! **2** Se ou ki wa mwen, se
ou ki Bondye mwen. Pran ka m', Seyè, lè m'ap rele ou!
Se ou menm m'ap lapriyè, Seyè. **3** Chak maten ou tande
vwa m'. Kou solèy leve, mwen mete lapriyè m' devan ou.
M'ap tann ou reponn mwen. **4** Ou se yon Bondye ki pa
pran plezi nan bagay ki mal. Ou pa tolere mechan yo bò
kote ou. **5** Moun k'ap vante tèt yo pa ka kanpe devan ou.
Ou pa vle wè moun k'ap fè mechanste. **6** Ou detwi tout
moun k'ap bay manti. Ou pa ka sipòte moun k'ap touye
moun, ni moun k'ap twonpe moun. **7** Men mwen menm,
m'a antre lakay ou, paske ou renmen m' anpil. M'ap lage
kò m' nan pye ou, nan kay ki apa pou ou a. M'ap adore
ou. **8** Seyè, mwen gen anpil lènmi k'ap veye m'. Pran men
m' pou m' ka fè sa ki dwat devan ou. Fè m' wè chemen ou
mete devan m' lan, fè m' wè l' aklè. **9** Ou pa janm ka kwè
moun sa yo. Se dèyè yon sèl bagay yo ye: yo vle fini ak
tout moun. Anndan bouch yo, ou ta di yon kavo ki louvri,
lang yo menm dous konsa pou flate moun. **10** Se mechan
yo ye. Kondannen yo, Bondye. Gate tout plan yo te fè.
Pou valè peche yo fè, wete yo devan jè ou. paske se
kenbe y'ap kenbe tèt ak ou. **11** Men, tout moun ki mete
konfyans yo nan ou, fè kè yo kontan. Se pou yo chante
san rete tèlman yo kontan. W'ap pwoteje moun ki renmen
ou. Ou fè yo chante pou ou tèlman yo kontan. **12** Paske
ou menm Seyè, ou beni moun ki obeyi ou. Ou kouvri yo
avèk favè ou, w'ap kanpe bò kote yo pou pran defans yo.

6 Pou chèf sanba yo. Se sou enstriman akòd pou yo jwe
mizik la. Sou wityèm lan. Se yon sòm David. Seyè,
pa pini m' lè ou fache! Pa kale m' lè ou an kòlè! **2** Gen
pitye pou mwen, Seyè, paske mwen santi m' san fòs. Geri
mwen, Seyè, paske m'ap deperi. **3** Lespri m' boulvèse
anpil, Seyè. Pou konbe tan bagay sa a la ankò? **4** Tounen
vin delivre m' non, Seyè! Jan ou gen kè sansib sa a, pa
kite m' mouri. **5** Paske, lè yon moun mouri li pa chonje
ou ankò. Pesonn pa fè lwanj ou kote mò yo ye a. **(Sheol
h7585)** **6** Se fini m'ap fini afòs m'ap kriye. Lannwit, kabann
mwen mouye nèt afòs jè m' kouri dlo. **7** Figi m' fin rale

afòs mwen gen lapenn. Mwen fin vye anba moun k'ap
pèsekite m' yo. 8 Wete kò nou sou mwen, nou tout k'ap fè
sa ki mal, paske Seyè a tande lè m'ap kriye. 9 Li tande m'
lè m'ap rele nan pye li. Li reponn mwen lè m'ap lapriyè li.
10 Tout lènmi m' yo pral wont, y'ap pè. Se vre wi. Y'ap
kouri fè bak. Y'ap rete konsa lawont ap pran yo.

7 Plent David te pote bay Seyè a pou Kouch, moun laras
Benjamen. Seyè, Bondye mwen, se nan ou mwen
mete tout konfyans mwen. Delivre m'. Pa kite m' tonbe
nan men moun k'ap pèsekite m' yo. 2 Si se pa sa, tankou
lyon yo fè, y'ap pote m' ale, y'ap devore m' san pesonn
p'ap ka pote m' sekou. 3 Seyè, Bondye mwen, si m' te fè
bagay sa yo vre, si m' te fè yon moun mal, 4 si m' te aji
mal ak moun ki te fè m' byen, si m' te pèsekite lènmi m'
san rezon, 5 ou mèt kite lènmi pousib mwen jouk li mete
men sou mwen. Ou mèt kite l' mache sou mwen, ou mèt
kite l' trennen non m' nan labou. 6 Seyè, leve non! Mete
ou ankòlè! Leve, pran pozisyon kont lènmi m' yo ki fin
debòde. Leve non! vin pote m' sekou, paske se jistis ou
m'ap chache. 7 Sanble tout nasyon yo bò kote ou. Rete
nan syèl la, gouvènen yo tout. 8 Ou menm Seyè, ou se jij
tout moun. Tanpri, Seyè, fè m' jistis paske mwen mache
dwat, mwen inonsan. 9 Fè mechan yo sispann fè move
bagay. Tanpri, bay moun ki mache dwat yo fòs. Ou se yon
Bondye ki pa nan patipri: Ou konnen tout lide moun gen
nan tèt yo ak tout santiman ki nan kè yo. 10 Se Bondye
ki defans mwen. Li delivre tout moun ki mache dwat.
11 Bondye se yon jij ki san patipri: Li toujou kondannen
mechan yo. 12 Si yon moun pa chanje lavi li, Bondye ap
file nepe li, l'ap pare banza li pou l' vize li. 13 Bondye ap
pare zam sa yo pou touye li. L'ap sèvi ak flèch li yo pou
simen dife. 14 Gade jan mechan an gen move lide nan kè
li! L'ap fè plan pou fè moun mal. L'ap plede bay manti.
15 Li fouye yon gwo twou byen fon nan tè a. Lèfini, se
li menm ki tonbe ladan li. 16 Se konsa, malè li te pare
pou lòt moun, se sou li li tonbe. Se pwòp mechanste l' ki
tounen kont li! 17 Mwen menm, m'ap di Seyè a mèsi pou
jistis li. M'ap fè lwanj Seyè a ki anwo nan syèl la.

8 Pou chèf sanba yo. Se sou lè chante yo chante lè y'ap
kraze rezen. Se yon sòm David. Seyè, Mèt nou, se
toupatou sou latè yo rekonèt jan ou gen pouvwa! Pouvwa
ou moute pi wo pase syèl la! 2 Ou fè timoun piti ak tibebe
nan tete chante jan ou gen fòs, pou ou koresponn ak
moun ki pa vle wè ou yo, pou ou fèmen bouch lènmi ou
yo ak moun k'ap kenbe tèt avè ou yo. 3 Lè m'ap gade
syèl ou fè ak men ou lan, lalin ak zetwal ou mete ladan li,
4 m'ap mande: -Kisa lèzòm ye pou ou chonje yo konsa?
Kisa yo ye menm pou ou pran ka yo konsa? 5 Ou fè yo
yon ti kras pi piti pase ou, Bondye. Tankou yon kouwòn
sou tèt yo, ou ba yo pouvwa ak respè. 6 Ou mete yo pou
yo donminen sou tou sa ou fè, ou mete tout bagay anba
pye yo: 7 Bèf kou kabrit, ansanm ak tout bèt nan bwa yo,
8 zwazo nan syèl, pwason nan dlo, ansanm ak tout lòt bèt
k'ap viv nan lanmè. 9 Seyè, Mèt nou, se toupatou sou
latè yo rekonèt jan ou gen pouvwa!

9 Pou chèf sanba yo. Sou menm lè ak chante ki di:
Lanmò pitit gason an. Se yon sòm David. M'a fè lwanj
ou ak tout kè m', Seyè. M'a rakonte tout bèl mèvèy ou yo.
2 Se ou menm k'ap fè m' chante, se ou menm k'ap fè kè
m' kontan. Bondye ki anwo nan syèl la, m'a chante lwanj
ou. 3 Parèt ou parèt, lènmi m' yo fè bak. Yo pran tranble,
yo tonbe, yo mouri. 4 Tankou yon jij ki san patipri, ou
chita sou fotèy ou. ou fè m' jistis, ou defann kòz mwen. 5
Ou regle moun lòt nasyon yo, ou detwi mechan yo. Ou
efase non yo nèt pou tout tan. 6 Pa gen lènmi ankò, yo
fini nèt. Ata lavil yo ou vide atè. Pa gen anyen pou fè
moun chonje yo ankò. 7 Men Seyè a, se wa li ye pou tout
tan. Li mete fotèy li la pou l' fè jistis. 8 Li gouvènen tout
bagay avèk jistis. Li jije tout moun san patipri. 9 Moun
y'ap peze yo, se bò kote Seyè a yo jwenn pwoteksyon. Se
la yo jwenn yon kote pou yo kache, lè yo nan tray. 10
Moun ki konnen ou, Seyè, y'ap mete konfyans yo nan ou.
Paske, ou pa lage moun k'ap chache ou. 11 Ann fè lwanj
Seyè a k'ap gouvènen sou mòn Siyon an. Ann fè tout
nasyon yo konnen sa li te fè. 12 Bondye chonje moun
k'ap soufri yo, li pa bliye rèl malere yo, li pini moun ki
fè yo mal. 13 Gen pitye pou mwen, Seyè! Gade nan ki
mizè moun ki rayi m' yo mete m'. vin sove m'! Pa kite
m' mouri, Seyè, 14 pou m' ka kanpe devan moun lavil
Jerizalèm yo, pou m' di yo poukisa m'ap fè lwanj ou. M'ap
kontan nèt, paske ou te delivre m'. 15 Moun lòt nasyon yo
fouye yon gwo twou: se yo menm ki tonbe ladan li. Yo
tann yon pèlen: se pye yo ki pran ladan li. 16 Seyè a fè yo
konnen ki moun li ye, li jije yo san patipri. Sa mechan yo
fè a tounen kont yo. 17 Tout mechan yo gen pou mouri.
Tout moun ki bliye gen Bondye gen pou mouri tou. **(Sheol h7585)** 18 Se pa tout tan yo ka bliye moun ki nan mizè. Se
pa tout tan yo ka wete espwa moun ki nan lafliksyon. 19
Leve non, Seyè! Pa kite lèzòm genyen batay la! Mennen
moun lòt nasyon yo vin jije devan ou. 20 Fè kè yo kase,
Seyè! Fè yo konnen se moun ase yo ye.

10 Poukisa ou rete lwen konsa, Seyè? Poukisa ou
kache kò ou konsa lè nou nan ka? 2 Mechan an
ap gonfle lestonmak li, l'ap pèsekite malere yo. Se pou
pye l' pran nan pèlen limenm li tann lan. 3 Mechan an ap
vante tèt li pou move lanvi li gen nan kè l'. Lanbisyon fè
l' pale mal, li vire do bay Bondye. 4 Mechan an tèlman
gen lògèy, l'ap plede di: -Bondye p'ap pini m'. Pa gen
Bondye. Se sa ase mechan an mete nan tèt li. 5 Tou sa li
fè toujou mache byen. Li pa konprann jijman Bondye yo.
L'ap meprize lènmi l' yo. 6 L'ap di nan kè l': Anyen pa ka
brannen m'. Mwen p'ap janm nan pwoblèm. 7 Tout pawòl
li se madichon, se manti, se twonpe moun. Li cho konsa
pou l' pale moun mal, pou l' di gwo mo. 8 Li kache kò l'
nan ti bouk yo, l'ap pare tann inonsan yo pou l' touye yo
an kachèt. L'ap veye moun ki san defans. 9 Li anbiske
kò l' tankou yon lyon nan kachèt li. Li kouche, l'ap tann

malere yo. Li pran yo nan pèlen li, li trennen yo pote ale.
10 Li bese, li kwoupi kò l', malere yo tonbe nan men l'. 11
Mechan an di nan kè l': -Bondye p'ap okipe bagay konsa.
Li fèmen je l', li p'ap janm wè m'. 12 Leve non, Seyè! vin
sove mwen! Bondye, pa bliye moun y'ap peze yo! 13 Ki
jan mechan an fè ap meprize Bondye jouk pou li di nan kè
l': Li p'ap pini mwen? 14 Men, ou make tout bagay. Ou
konnen soufrans ak lapenn lèzòm. Ou toujou pare pou
ede yo. Moun ki san defans yo, se nan men ou yo lage
kòz yo, paske ou toujou ede moun ki san papa. 15 Kraze
pouvwa mechan yo, pouvwa moun k'ap fè mal yo. Fè yo
rann kont pou sa yo fè, jouk yo disparèt nèt devan je ou.
16 Seyè a, se wa li ye depi tout tan ak pou tout tan. Moun
lòt nasyon yo gen pou disparèt nan peyi li a. 17 Seyè, w'a
koute moun ki soumèt devan ou lè y'ap lapriyè. W'a ba yo
kouraj. 18 W'a tande rèl moun y'ap peze yo, rèl timoun
ki san papa yo. W'a fè yo jistis. Konsa, lèzòm ki fèt ak
pousyè tè p'ap kapab fè moun pè ankò.

11 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm David. Se bò kote
Seyè a m'ap chache pwoteksyon. Ki jan nou ka fè
di m': Kouri al kache kò ou nan mòn tankou zwazo, 2
paske mechan yo pare banza yo, y'ap vize ak flèch yo
pou yo tire nan fènwa sou moun k'ap mache dwat yo? 3
Pa gen anyen yon bon moun ka fè, lè tout bagay tèt anba.
4 Seyè a nan kay ki apa pou li a, li gen fotèy li nan syèl la.
L'ap gade lèzòm: li konnen sa y'ap fè. 5 Kit yo bon, kit yo
mechan, Bondye ap gade sa y'ap fè. li pa vle wè moun
k'ap fè mechanste. 6 Li voye chabon dife ak souf cho sou
mechan yo tankou lapli. Li soufle yon van cho kou dife
sou yo. Se sa yo tout yo merite. 7 Seyè a pa nan patipri, li
renmen lè moun fè bagay ki byen. Moun ki mache dwat
yo va parèt devan li.

12 Pou chèf sanba yo. Sou wityèm lan. Se yon sòm
David. vin sove nou non, Seyè! Pa gen moun ki
renmen ou ankò! Pa gen moun sou latè k'ap sèvi ou ak
tout kè yo ankò! 2 Yonn ap bay lòt manti. Yonn ap flate
lòt, yonn ap twonpe lòt. 3 Seyè, fèmen bouch bann flatè
sa yo, bann moun sa yo k'ap vante tèt yo. 4 Y'ap plede di:
-Nou pale jan nou vle. Bouch nou rele n' pa nou. Ki moun
ki pou pase nou lòd? 5 Y'ap peze malere yo. Pòv yo ap
soufri, y'ap plenyen. Men, Seyè a di: M'ap vini koulye a.
M'ap ba yo sekou y'ap tann lan. 6 Pawòl Seyè a se bon
pawòl. Li tankou lajan yo pase sèt fwa nan dife pou wè si
li bon. 7 Ou menm, Seyè, w'a toujou defann nou! Pa kite
moun sa yo fè nou anyen! 8 Mechan yo ap pwonmennen
sou moun toupatou: se tout moun k'ap fè lwanj move
bagay y'ap fè yo.

13 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm David. Konbe tan
ankò w'a bliye m', Seyè? Gen lè ou bliye m' nèt?
Konbe tan ankò m'a rete san m' pa wè ou? 2 Konbe tan
ankò pou m' soufri? Konbe tan ankò pou m' gen lapenn
nan kè mwen, pou m' gen lapenn lajounen kou lannwit?
Konbe tan ankò lènmi m' yo va pilonnen m' anba pye yo?
3 Gade m' non, Seyè! Reponn mwen non, Bondye mwen!
Kenbe m' pou m' pa mouri. 4 Konsa, moun k'ap pèsekite
m' yo p'ap ka di: Nou fini avè l'! Yo p'ap gen chans wè
m' tonbe pou yo kontan! 5 Pou mwen menm, se sou ou
mwen konte, paske ou renmen m' anpil. Kè m' kontan,
paske ou delivre mwen. 6 M'ap chante pou Seyè a, paske
li te bon pou mwen.

14 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm David. Moun fou
yo di nan kè yo: Pa gen Bondye. Yo tout fin pouri.
Y'ap fè yon bann vye bagay sal. Pa gen yonn ki fè sa ki
byen. 2 Seyè a rete nan syèl la, l'ap gade lèzòm anba,
pou l' wè si gen ladan yo ki gen konprann, si gen ladan yo
k'ap chache l'. 3 Men yo tout pèdi chemen yo. Yo tout
lage kò yo nan vis. Pa gen yonn ladan yo ki fè sa ki byen,
non, pa menm yon sèl ladan yo. 4 Seyè a di: Moun sa yo
k'ap fè mechanste yo, se konnen yo pa konnen? Y'ap
souse pèp mwen an pou yo ka viv. Pa gen yonn ladan yo
ki rele non mwen! 5 Men tou, yo pral sezi, yo pral tranble
paske Bondye la avèk moun ki mache dwat yo. 6 Y'ap
pase sa malere yo gen lide fè a nan betiz, men se nan
Seyè a malere yo mete konfyans yo. 7 Oo! Kilè Bondye
va soti sou mòn Siyon an pou l' vin delivre pèp Izrayèl la?
Lè Seyè a va fè pèp li a kanpe ankò, pitit pitit Jakòb yo
pral fè fèt. Se vre wi, pèp Izrayèl la pral kontan.

15 Se yon sòm David. Seyè, ki moun ki ka rete lakay
ou a? Ki moun ki ka viv sou mòn ki apa pou ou a?
2 Se moun ki fè volonte Bondye nan tout bagay, ki toujou
fè sa ki byen. Se moun ki pale verite a jan l' ye nan kè
li, 3 ki pa nan bay moun kout lang. Se moun ki p'ap fè
zanmi l' yo anyen ki mal, ki p'ap mache fè tripotaj sou
vwazinaj. 4 Li meprize tout moun Bondye vire do bay,
men, li respekte tout moun ki gen krentif pou Seyè a. Li
toujou kenbe pawòl li, menm si sa koute l' chè. 5 Li prete
moun san mande enterè. Li p'ap pran lajan anba pou l'
bay manti sou moun ki inonsan. Moun ki fè bagay sa yo
p'ap janm tonbe!

16 Sè yon kantik David. Pwoteje m', Bondye, paske
se bò kote ou m'ap chache pwoteksyon. 2 Mwen
di Seyè a: -Se ou ki sèl Mèt mwen. Se ou menm ki tout
mwen. Pa gen pase ou! 3 Tout plezi m' se pou m' toujou
la avè moun k'ap sèvi Seyè a nan peyi a. 4 Moun k'ap
kouri dèyè tout lòt bondye yo, se traka y'ap chache bay
tèt yo. Mwen p'ap mele nan ofrann bèt y'ap fè. Mwen p'ap
janm nonmen non bondye sa yo. 5 Seyè, se ou menm ki
tout byen mwen. Se ou ki ban m' tou sa m' merite. Lavi m'
nan men ou. 6 Ala yon bèl eritaj ki vin pou mwen! Ala
kontan mwen kontan pou pòsyon pa m' lan! 7 M'ap fè
lwanj Seyè a paske li ban m' bon konsèy. Menm lannwit,
konsyans mwen di m' sa pou m' fè. 8 Mwen toujou mete
Seyè a devan je m'. Paske li toujou bò kote m'. Anyen pa
ka brannen m'. 9 Se poutèt sa, kè m' kontan anpil. Mwen
santi se tout tan mwen ta chante. Ata kò mwen m'ap poze
ak konfyans nan Bondye. 10 Paske ou p'ap kite m' kote
mò yo ye a, ou p'ap penmèt moun k'ap sèvi ou la pouri
anba tè. (Sheol h7585) 11 W'a fè m' konnen chemen ki bay

lavi a. Paske ou la avè m', mwen pa manke kontan. Bò
kote ou, Seyè, se yon plèzi ki p'ap janm fini.

17 Se yon lapriyè David. Seyè, koute kòz mwen lè m'
gen rezon! Pran ka m', lè m'ap rele nan pye ou!
Koute m' non, lè m'ap lapriyè ou, paske mwen p'ap bay
manti. **2** Se ou menm ki pral fè m' jistis, paske ou wè
kote jistis la ye. **3** Ou mèt sonde kè m', ou mèt vin wè m'
nan mitan lannwit, ou mèt egzaminen m' tout jan, ou p'ap
jwenn okenn move lide nan kè m'. Pawòl ki nan bouch
mwen, se li ki nan kè m'. **4** Mwen pa fè tankou lòt yo.
Mwen obeyi kòmandman ou yo. Mwen pa fè tankou moun
k'ap maltrete frè parèy yo. **5** Se nan chemen ou yo mwen
toujou mache. Se yo menm mwen swiv nèt ale. **6** M'ap
rele ou, Bondye, paske ou reponn mwen. Tanpri, panche
zòrèy ou bò kote m', koute sa m'ap di ou: **7** Fè moun wè
jan ou gen bon kè, ou menm ki delivre moun y'ap pèsekite
yo, lè yo vin chache pwoteksyon bò kote ou. **8** Pwoteje m'
tankou grenn je ou. Kache m' anba zèl ou. **9** Wete m'
anba men mechan k'ap maltrete m' yo. Lènmi m' yo soti
pou yo touye m', yo sènen m' toupatou. **10** Yo san zantray.
Yo awogan lè y'ap pale. **11** Kote m' fè, yo fann dèyè m'.
Yo fin sènen m' nèt. Y'ap chache okazyon pou yo mete m'
atè. **12** Yo tankou lyon, yo pa konn sa yo ta bay pou yo
devore m'. Yo tankou jenn ti lyon, yo rete nan kachèt yo,
y'ap veye m'. **13** Leve non, Seyè. Mache pran lènmi m' yo.
Fese yo atè. Rale nepe ou, delivre m' anba men mechan
yo. **14** Sove m' anba moun alekile yo avèk fòs ponyèt ou.
Tout byen yo se byen latè. Ou pran nan richès ou yo, ou
ba yo tou sa yo bezwen. Pitit yo pa manke anyen. Yo kite
rès pou pitit pitit yo. **15** Men pou mwen menm, m'ap parèt
devan ou, paske mwen inonsan. Lè m'a leve, m'ap kontan
nèt ale, paske w'ap toujou la avèk mwen.

18 Pou chèf sanba yo. Se chante sa a David, sèvitè
Seyè a, te chante pou Bondye lè Bondye te delivre
l' anba Sayil ansanm ak tout lòt lènmi l' yo. Ala renmen
mwen renmen ou, Seyè! Se ou menm ki tout fòs mwen. **2**
Se ou menm ki twou wòch kote m' kache a. Se ou menm
ki sèvi m' ranpa. Se ou menm ki delivre m'. Ou se Bondye
mwen, se ou menm ki pwoteje m'. Se nan ou mwen mete
tout konfyans mwen. Se ou ki tout defans mwen. Se fòs
ou k'ap sove m'. Se anba zèl ou mwen jwenn kote pou m'
kache. **3** Mwen rele Seyè a: Li delivre m' anba lènmi m'
yo. Lwanj pou Seyè a! **4** Lanmò te fin vlope m'. Mwen te
pè lè m' wè tout malè sa yo tonbe sou mwen. **5** Privye
lanmò te tonbe sou mwen yon sèl kou. Kote m' vire, mwen
wè lanmò devan m'. **(Sheol h7585)** **6** Nan mizè mwen te ye
a, mwen rele nan pye Seyè a. Mwen mande Bondye m'
lan sekou. Kote l' chita lakay li a, li tande vwa mwen, rèl
mwen rive jouk nan zòrèy li. **7** Lè sa a, latè pran tranble, li
souke. Mòn yo pran tranble jouk nan rasin yo. Yon sèl
frison pran yo, paske Bondye te ankòlè! **8** Lafimen t'ap
soti nan twou nen li. Yon gwo flanm dife ak moso chabon
tou limen t'ap soti nan bouch li. **9** Li bese syèl la, li desann
avè yon gwo nwaj nwa anba pye li. **10** Li moute sou do
yon zanj cheriben, li t'ap vole. Yon kouran van t'ap pouse
l' ale. **11** Li te kache kò l' nan fènwa. Yon gwo nwaj pwès,
plen dlo, te vlope l' toupatou. **12** Anpil lagrèl ak anpil
chabon dife t'ap soti nan gwo limyè ki t'ap klere devan l'
lan. **13** Seyè a pran gwonde nan syèl la. Bondye ki anwo
nan syèl la fè tout moun tande vwa li. **14** Li voye flèch li
yo, li gaye tout lènmi m' yo. Li fè yo tout kouri ak kout
zèklè. **15** Lè ou ankòlè, Seyè, van yo soti ak fòs nan twou
nen ou. Lè konsa moun wè fon lanmè a, fondasyon tè a
parèt aklè. **16** Seyè a rete nan syèl la, li lonje men l', li
pran m'. Li rale m' soti nan gwo dlo yo kote m' te ye a. **17**
Li delivre m' anba gwo lènmi m' yo, anba tout moun sa
yo ki te rayi m' epi ki te pi fò pase m'. **18** Lè m' te nan
tray, yo pwofite atake m'. Men, Seyè a te soutni m'. **19** Li
wete m' nan move pa a. Li delivre m' paske li renmen
mwen. **20** Seyè a ban m' rekonpans mwen, paske li wè m'
mache dwat devan li. Li ban m' benediksyon, paske li wè
mwen inonsan. **21** Mwen te obeyi lalwa Seyè a, mwen
pa vire do bay Bondye m' lan pou m' fè sa ki mal. **22**
Mwen fè tou sa ki nan lalwa li, mwen pa janm dezobeyi
kòmandman li yo. **23** Li konnen mwen pa antò. Mwen
kenbe kò m' pou m' pa fè sa ki mal. **24** Se konsa li ban
m' rekonpans mwen, paske mwen mache dwat devan li,
paske li wè mwen inonsan. **25** Ou menm, Seyè, ou kenbe
pawòl ou ak moun ki kenbe pawòl yo. Ou bon ak moun ki
bon. **26** Ou pa fè ipokrit ak moun ki pa fè ipokrit avè ou,
men ou malen ak moun ki malen. **27** Ou delivre moun ki
soumèt devan ou, men ou desann moun ki konprann yo
pa kanmarad pesonn. **28** Seyè, ou se limyè mwen, ou se
Bondye mwen. Se ou ki wete m' nan fènwa kote m' te
ye a. **29** Avè ou, mwen fonse sou bann lènmi m' yo ki
ame jouk nan dan. Avèk ou, mwen eskalade miray ki sèvi
yo defans. **30** Bondye oo! Tou sa ou fè bon nèt ale. Ou
toujou kenbe pawòl ou. Ou pwoteje tout moun ki chache
pwoteksyon anba zèl ou. **31** Ki moun ki Bondye si se pa
Seyè a? Ki moun ki pran defans nou si se pa Bondye nou
an? **32** Se Bondye ki ban m' fòs, li fè m' mennen yon vi
san repwòch. **33** Li asire pye m' tankou pye kabrit. Li fè m'
mache sou mòn yo, san m' pa tonbe. **34** Li moutre m'
jan pou m' goumen. Li ban m' fòs pou m' sèvi ak pi gwo
banza ki genyen. **35** Se ou menm, Seyè, ki pwoteje m'.
Se ou ki delivre m'. Si m' kapab leve kanpe, se paske ou
renmen m'. Pouvwa ou pa kite m' tonbe. **36** Ou pa kite yo
bare wout mwen. Mwen pa janm pèdi pye. **37** Mwen kouri
dèyè lènmi m' yo, mwen jwenn yo. Mwen pa tounen jouk
tan mwen pa fin kraze yo nèt. **38** Mwen jete yo atè, yo
pa ka leve. Yo tonbe, mwen mete pye m' sou kou yo.
39 Ou ban m' kont fòs pou batay la. Ou fè lènmi m' yo
mande m' padon. **40** Ou fè lènmi m' yo kouri devan m'.
Mwen disparèt tout moun ki rayi m' yo. **41** Y'ap rele, y'ap
mande sekou. Men, pa gen moun ki ka delivre yo! Y'ap
rele Seyè a, men li pa reponn yo. **42** Mwen kraze yo, yo
tout tounen pousyè van pote yo ale. Mwen mache sou yo
tankou sou labou nan lari. **43** Ou delivre m' anba pèp
rebèl sa a. Ou mete m' chèf pou m' gouvènen sou tout

nasyon yo. Pèp mwen pa t' janm konnen, se yo menm
k'ap sèvi m'. 44 Moun lòt peyi yo ap flate m'. Kou yo tande
vwa m', yo obeyi: 45 Yo pèdi tout kouraj yo. Yo soti kote
yo te kache a, y'ap tranble kou fèy bwa. 46 Viv Seyè a!
Lwanj pou moun ki pran defans mwen an! Se Bondye ki
delivre mwen! Ann fè konnen jan li gen pouvwa! 47 Se
Bondye ki pran revanj mwen. Se li ki mete pèp yo anba
pye mwen. 48 Li sove m' anba lènmi m' yo. Li wete m'
anba men moun ki t'ap konbat mwen yo. Ou delivre m'
anba ansasen yo. 49 Se poutèt sa, Seyè, m'a fè moun lòt
nasyon yo konnen ki moun ou ye. M'a chante pou fè lwanj
ou. 50 Bondye delivre wa li a anpil fwa. Li moutre jan li pa
janm sispann renmen David, moun li te chwazi a, ansanm
ak pitit pitit li yo pou tout tan.

19 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm David. Syèl la
fè parèt aklè pouvwa Bondye a. Li fè wè tou sa
Bondye te fè ak men l'. 2 Jounen jòdi a rakonte koze sa
a bay jounen denmen k'ap vini an. Lannwit sa a repete
l' bay lannwit ki vin apre a. 3 Yo pa pale, yo pa di yon
mo. Ou pa tande yon ti bwi. 4 Men, sa yo di a mache ale
toupatou sou latè. Mesaj y'ap bay la rive jouk nan dènye
bout latè. Bondye moute yon kay nan syèl la pou solèy la.
5 Solèy la menm soti tankou yon nonm ki fèk marye k'ap
soti anndan chanm li. Li kontan, l'ap kouri tankou yon
gwonèg ki konnen li deja genyen kous la. 6 Solèy la leve
nan yon bout syèl la, li kouche nan lòt bout la. Chalè li
bat sou tout bagay. 7 Lalwa Seyè a bon sou tout pwen.
Li moutre nou jan pou nou viv. Nou mèt gen konfyans
nan kòmandman Seyè a. Tout moun ki pa gen konprann,
l'ap ba yo konprann. 8 Regleman Seyè a se bagay ki
dwat. Moun ki swiv yo ap gen kè kontan. Kòmandman li
yo klè. Yo louvri je moun. 9 Se pou nou gen krentif pou
Seyè a yon jan ki san repwòch. Epi se tout tan pou nou
gen krentif sa a. Jijman Seyè a se verite, yo pa janm nan
patipri. 10 Moun ap kouri dèyè yo pi rèd pase dèyè lò,
menm pase lò ki pi bon an. Yo pi dous pase siwo myèl,
menm pase siwo k'ap degoute nan gato myèl. 11 Mwen
menm k'ap sèvi ou la, yo ban m' anpil konesans. Gen gwo
rekonpans pou moun k'ap obeyi yo. 12 Ki moun ki konnen
tou sa li fè ki mal? Tanpri, Seyè, delivre m' anba sa mwen
fè ki mal san m' pa konnen! 13 Mwen menm k'ap sèvi ou
la, pwoteje m' tou anba peche mwen fè ak tout konesans
mwen. Pa kite yo pran pye sou mwen. Se lè sa a m'a
san repwòch. Se lè sa a m'a delivre anba gwo peche a.
14 Seyè, se ou ki twou wòch kote m' kache a, se ou ki
delivrans mwen, mwen mande ou pou pawòl ki soti nan
bouch mwen, ak lide k'ap travay nan tèt mwen fè ou plezi.

20 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm David. Se pou
Seyè a reponn ou lè ou anba tray. Se pou Bondye
Jakòb la pwoteje ou. 2 Se pou l' rete lakay li pou l' voye
ede ou. Se pou l' rete sou mòn Siyon an pou l' soutni
ou. 3 Se pou l' chonje tou sa ou ofri ba li, pou l' kontan
tou bèt ou fè touye pou li. 4 Se pou l' ba ou tou sa ou
ta renmen. Se pou l' fè tou sa ou gen lide fè rive vre. 5
Lè sa a, n'ap rele, n'ap kontan dèske ou genyen batay
la. N'ap fè fèt paske ou genyen batay la, n'ap fè lwanj
Bondye nou an. Se pou Seyè a ba ou tou sa ou mande l'.
6 Koulye a, mwen konnen Seyè a ap fè moun li chwazi a
genyen batay la. Li rete nan syèl la, nan kay ki pou li a, li
reponn li. Li fè l' genyen batay la avèk gwo pouvwa li. 7
Gen moun ki mete konfyans yo nan machin pou fè lagè.
Gen lòt moun, se nan chwal yo yo mete konfyans yo. Men
nou menm, se nan pouvwa Seyè a, Bondye nou an, nou
mete konfyans nou. 8 Yo menm, yo gen pou yo bite, pou
yo tonbe. Men nou menm, nou kanpe, n'ap kenbe fèm. 9
Seyè, fè wa a genyen batay la non! Reponn nou non, lè
n'ap rele ou!

21 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm David. Wa a kontan,
Seyè, dèske ou te ba li fòs kouraj. Wa a kontan
nèt dèske ou fè l' genyen batay la. 2 Ou ba li tou sa l' te
renmen. Ou pa t' refize l' sa l' te mande ou. 3 Ou vin bò
kote l' avèk anpil benediksyon, ou mete yon kouwòn fèt
ak bon lò sou tèt li. 4 Li mande ou lavi, ou ba li l'. Ou ba l'
yon lavi ki long, yon lavi ki p'ap janm fini. 5 Y'ap fè gwo
lwanj pou li, paske ou ede l', ou fè yo respekte l', ou ba li
bèl pozisyon, 6 Ou mete benediksyon ou sou li pou tout
tan. Ou fè kè l' kontan paske ou la avè l'. 7 Wa a mete
konfyans li nan Seyè a. Gremesi Bondye ki anwo nan syèl
la, wa a la pou tout tan. 8 Wa a ap mete men l' sou tout
lènmi l' yo, l'ap mache pran tout moun ki pa vle wè l' yo. 9
Lè w'a parèt, w'ap detwi yo tankou yon gwo boukan dife.
Lè Seyè a ankòlè, se fini l'ap fini ak yo, dife ap boule yo
nèt. 10 W'ap disparèt tout pitit yo sou latè, w'ap disparèt
tout ras yo pami lèzòm. 11 Y'ap fè move plan, y'ap fè
konplo sou wa a, men sa p'ap mache pou yo. 12 L'ap tire
flèch li sou yo, l'ap fè yo kouri ale. 13 Seyè, leve non. Fè
yo wè fòs ou! N'a chante, n'a fè lwanj pou jan ou gen
pouvwa!

22 Pou chèf sanba yo. Se pou yo chante l' sou lè
chante ki di: Nan granmaten yon fenmèl kabrit. Se
yon sòm David. Bondye, Bondye m', poukisa ou lage m'
konsa? Poukisa ou rete lwen konsa, san pote m' sekou,
san koute jan m'ap plenn lan? 2 Tout lajounen m'ap rele
ou, Bondye mwen, ou pa reponn. Tout lannwit m'ap rele,
mwen pa ka dòmi. 3 Men, se ou menm ki Bondye, ou
chita sou fotèy ki apa pou ou a. Pèp Izrayèl la ap fè lwanj
ou. 4 Zansèt nou yo te mete konfyans yo nan ou. Yo te fè
ou konfyans, ou te sove yo. 5 Lè yo te kriye nan pye ou,
ou te wete yo nan move pa. Wi, yo te mete konfyans yo
nan ou, yo pa t' janm regrèt yo te fè sa. 6 Men, se pa
moun mwen ye ankò, se yon vètè mwen tounen. Tout
moun ap meprize m', tout moun ap pase m' nan betiz. 7
Tout moun ki wè m' pase m' nan rizib. Y'ap lonje dwèt sou
mwen, y'ap fè siy sou mwen. 8 Y'ap di m' konsa: -Jan ou
te konte sou Seyè a, poukisa li pa delivre ou? Si Seyè a
renmen ou, poukisa li pa ede ou? 9 Se ou menm ki te
fè m' soti san danje nan vant manman m'. Se ou menm
ankò ki te pwoteje m' lè m' te nan tete. 10 Depi nan vant

manman m', se ou menm k'ap pwoteje m'. Depi anvan
mwen te fèt, se ou menm ki Bondye mwen. **11** Pa rete
lwen m' konsa. Malè prèt pou tonbe sou mwen, mwen pa
gen pesonn pou ede m'. **12** Lènmi m' yo anpil, yo sènen
m' toupatou. Yo tankou gwo towo bèf peyi Bazan. Kote m'
vire yo la. **13** Yo louvri bouch yo, ou ta di se lyon k'ap
gwonde, ki prèt pou dechire mwen. **14** Mwen pèdi tout
fòs mwen, tankou dlo ki tonbe atè. Tout zo nan kò m'
dejwente. Mwen santi kè m' ap kase, tout zantray mwen
ap bouyi. **15** Fòs mwen ap cheche, tankou labou nan
solèy. Lang mwen kole nan fon bouch mwen. Mwen santi
m' prèt pou mouri. **16** Tankou yon bann chen, mechan yo
sènen m'. Bann mechan yo fèmen m' toupatou. Yo kraze
de men m' ak de pye m' yo. **17** Tout zo nan kò m' parèt.
Y'ap gade m', y'ap veye m'. **18** Y'ap separe rad mwen ant
yo menm, y'ap tire osò pou rad mwen an. **19** Pa rete lwen
m' konsa, Seyè. Ou menm ki tout fòs mwen, prese vin
pote m' sekou. **20** Pa kite yo touye m' ak kout nepe. Pa
kite chen yo devore m'. **21** Wete m' nan bouch lyon yo.
Delivre m' anba towo savann sa yo. Ou reponn mwen,
Seyè! **22** M'a di frè m' yo tout sa ou te fè pou mwen. M'a
fè lwanj ou lè yo tout reyini ansanm. **23** Nou tout ki gen
krentif pou Seyè a, fè lwanj li. Nou tout pitit pitit Jakòb yo,
chante pou li. Nou tout pèp Izrayèl la, adore li. **24** Li pa
meprize pòv yo, li pa fèmen je l' sou soufrans yo. Li pa
rete lwen yo. Lè yo rele l', li reponn. **25** M'a fè lwanj ou
pou sa ou fè, nan mitan tout moun yo lè yo reyini. M'a fè
sa mwen te pwomèt ou yo, devan tout moun ki gen krentif
pou ou yo. **26** Pòv yo va manje mezi yo kapab. Moun k'ap
chache Seyè a va fè lwanj li. Y'a viv ak kè poze pou tout
tan. **27** Tout nasyon va chonje sa Seyè a te fè. Toupatou
sou latè yo pral tounen vin jwenn li. Moun tout peyi va
adore li. **28** Se Seyè a ki wa. Se li ki donminen sou tout
nasyon. **29** Tout grannèg sou latè va bese tèt devan li. Yo
tout ki la pou mouri, yo tout ki la pou al anba tè, yo pral
adore li. **30** Jenerasyon k'ap vini yo va sèvi li. Moun va
rakonte istwa Seyè a bay pitit yo. **31** Pitit yo menm, lè y'a
fè pitit, y'a fè konnen jan Seyè a te delivre yo ansanm ak
tou sa li te fè pou yo.

23 Se yon sòm David. Seyè a se gadò mwen, mwen
p'ap janm manke anyen. **2** Kote zèb yo pi bèl,
se la li fè m' pran repo. Kote dlo a koule poze, se la li
mennen m' bwè. **3** Li fè m' reprann fòs. Li fè m' mache
nan chemen dwat, pou sa sèvi yon lwanj pou non li. **4**
Menm si m'ap pase nan yon ravin kote ki fè nwa anpil,
mwen p'ap pè anyen, paske, Seyè, ou la avèk mwen. Se
baton ou ak gòl ou ki fè kè m' pa kase. **5** Ou pare yon
tab pou mwen devan je tout lènmi m' yo. Ou resevwa m',
ou fè kè m' kontan ou ban m' tou sa m' bezwen. **6** Wi,
mwen konnen w'ap toujou renmen m', w'ap toujou bon
pou mwen pandan tout lavi m'. Se lakay ou m'ap rete tout
tan tout tan.

24 Se yon sòm David. Se pou Seyè a tè a ye ansanm
ak tou sa ki sou li. Se pou Seyè a lemonn antye
ansanm ak tou sa k'ap viv ladan l'. **2** Li mete fondasyon tè
a nan fon lanmè, li fè l' chita sou gwo larivyè yo. **3** Ki
moun ki gen dwa moute sou mòn ki pou Seyè a? Ki moun
li kite antre nan kay ki apa pou li a? **4** Se moun ki pa fè
anyen ki mal, moun ki pa gen move lide nan tèt yo. Se
moun ki pa nan bay manti, moun ki pa nan fè sèman pou
twonpe moun. **5** Seyè a va beni moun konsa. Bondye
k'ap delivre l' la va fè l' gras. **6** Se moun konsa ki pou
chache Seyè a, ki pou chache parèt devan Bondye Jakòb
la. **7** Wete lento pòt yo! Louvri batan pòt yo gran louvri
pou wa ki gen pouvwa a ka antre! **8** Kilès ki wa ki gen
pouvwa sa a? Se Seyè ki gen fòs ak kouraj la, li vanyan
nan batay. **9** Wete lento pòt yo! Louvri batan pòt yo gran
louvri pou wa ki gen pouvwa a ka antre! **10** Kilès ki wa ki
gen pouvwa sa a? Se Seyè ki chèf lame zanj yo, se li
menm ki wa ki gen pouvwa a.

25 Se yon sòm David. Seyè, m'ap fè lapriyè m' moute
devan ou. Bondye mwen, se nan ou mwen mete
tout konfyans mwen. **2** Piga ou fè m' wont, pa kite lènmi
yo pase m' nan betiz. **3** Wi, moun ki mete konfyans yo
nan ou p'ap janm wont. Men, moun ka soti wont yo, se
moun k'ap trayi ou pou gremesi. **4** Seyè, fè m' konnen jan
ou vle m' viv la! Moutre m' nan ki chemen ou vle pou m'
mache a! **5** Moutre m' sa pou m' fè pou m' viv yon jan ki
konfòm ak verite ou la, paske se ou menm ki delivrans
mwen. Se sou ou mwen konte tout jounen. **6** Seyè, chonje
jan ou gen kè sansib, chonje jan ou renmen nou depi nan
tan lontan. **7** Pa chonje peche ak fòt mwen te fè lè m'
te jenn. Seyè, jan ou renmen m' sa a, jan ou gen bon
kè, tanpri, pa bliye m'! **8** Seyè a bon, li pa nan patipri, li
moutre moun k'ap fè sa ki mal yo jan pou yo viv. **9** Li pran
men moun ki soumèt devan l' yo, li fè yo mache nan bon
chemen an, li moutre yo jan li vle pou yo viv la. **10** Moun
ki kenbe kontra li fe ak yo a, moun ki obeyi kòmandman l'
yo, li fè yo wè jan li renmen yo, jan li p'ap janm lage yo.
11 Seyè, poutèt non ou pote a, padonnen peche m' yo,
paske yo anpil. **12** Si yon moun gen krentif pou Seyè a,
Seyè a va moutre l' chemen pou l' pran. **13** L'ap toujou
gen kè kontan. Pitit li yo va pran peyi a pou yo. **14** Seyè a,
se zanmi moun ki gen krentif pou li. Li fè yo konnen kontra
li pase ak yo a. **15** Se sou Seyè a m'ap gade tout tan, l'ap
delivre m' lè m' nan move pa. **16** Seyè, vire je ou bò kote
m'. Gen pitye pou mwen, paske mwen pou kont mwen,
mwen san fòs. **17** Pa kite m' ak kè sere sa a. Wete m' nan
tray m'ap pase a. **18** Gade nan ki mizè mwen ye! Gade
jan m'ap soufri! Padonnen tout peche m' yo. **19** Gade
tout kantite lènmi mwen genyen! Gade jan yo rayi m', jan
y'ap pousib mwen. **20** Pwoteje m' non! Delivre m' non!
Piga ou fè m' wont, paske se bò kote ou m'ap chache
pwoteksyon, se anba zèl ou mwen vin kache. **21** Fè m' viv
yon jan ki san repwòch. Fè m' mache dwat pou ou ka
pwoteje m', paske tout espwa mwen se nan ou li ye. **22** O
Bondye, delivre pèp Izrayèl la anba tray l'ap pase yo.

26 Se yon sòm David. Fè m' jistis, Seyè, paske m'ap viv
yon jan ki san repwòch. Mwen mete tout konfyans
mwen nan ou, mwen pa janm lage ou. **2** Fouye m', Seyè.
Wè tou sa ki nan kè mwen. Sonde m'. Wè tou sa ki nan
lide m', **3** Ou fè m' wè jan ou renmen mwen. M'ap viv yon
jan ki dakò ak verite ou la. **4** Mwen pa chita ansanm ak
moun k'ap bay manti, mwen pa gen anyen pou m' wè ak
moun ipokrit. **5** Mwen rayi tout moun k'ap fè sa ki mal.
Mwen pa chita ansanm ak mechan yo. **6** Seyè, m'ap lave
men m' pou m' moutre jan m' inonsan, mwen pral pwoche
bò lotèl ou a, **7** pou m' fè tout moun tande jan m'ap di ou
mèsi, pou m' rakonte tout bèl bagay ou yo. **8** Seyè, mwen
renmen kay kote ou rete a, kay kote pouvwa ou ye a. **9**
Pa trete m' menm jan ak moun k'ap fè sa ki mal. Pa detwi
m' ansanm ak sanginè yo, **10** ansanm ak moun sa yo k'ap
fè krim tout tan, ki toujou pare pou achte bouch moun. **11**
Pou mwen menm, m'ap mennen yon lavi ki san repwòch.
Delivre m', gen pitye pou mwen. **12** M'ap mache byen fèm
nan chemen ki pa gen move pa a. M'a fè lwanj Seyè a
nan mitan pèp la lè l' reyini.

27 Se yon sòm David. Seyè a se limyè mwen, se li ki
delivrans mwen. Ki moun ki ka fè m' pè? Se Seyè a
k'ap pwoteje mwen. Ki moun ki ka fè m' tranble? **2** Lè
mechan yo ap mache sou mwen, lè lènmi m' yo ap chache
touye m', se yo menm k'ap bite, se yo menm k'ap tonbe.
3 Menm si tout yon lame ta sènen m' toupatou, mwen p'ap
pè anyen. Menm si yo ta vle fè m' lagè, m'ap toujou gen
konfyans nan Bondye. **4** Mwen mande Seyè a yon bagay,
yon bagay mwen anvi anpil anpil: Se pou m' ta pase tout
lavi m' nan kay Seyè a, pou m' ka gade bèl bagay li yo
byen, pou m' ka pran tan m' pou m' kalkile nan kay ki
apa pou li a. **5** Jou malè tonbe sou mwen, l'a pwoteje m'
lakay li. L'a kache m' byen fon nan tanp li a. L'a leve m'
mete yon kote pou anyen pa rive m'. **6** Se konsa m'ap
genyen batay la sou tout lènmi k'ap sènen m' yo. M'a bat
tanbou, m'a ofri bèt pou touye bay Bondye nan tanp li a.
M'a chante, m'a fè lwanj Seyè a. **7** Seyè, tande m' non lè
m'ap rele ou! Gen pitye pou mwen, reponn mwen non! **8**
Ou pale nan kè m', ou di m' vin jwenn ou. M'ap vin jwenn
ou, Seyè. **9** Pa vire do ban mwen. Pa fache, pa repouse
moun k'ap sèvi ou la. Se ou ki tout sekou mwen. Pa kite
m' pou kont mwen, pa lage m'. **10** Papa m' ak manman
m' te mèt lage m', Seyè a va ranmase mwen. **11** Seyè,
moutre m' jan ou vle m' viv la. Fè m' mache nan chemen
ki pa gen move pa a, paske mwen gen anpil lènmi k'ap
veye m'. **12** Pa lage m' nan men lènmi m' yo. Yo soti pou
yo touye m'. Se yon bann moun k'ap bay manti. **13** Mwen
menm, mwen sèten m'a viv pou m' wè jan Bondye sèvi
byen ak pèp li a. **14** Mete espwa ou nan Seyè a! Gen
konfyans, pa dekouraje! Wi, mete espwa ou nan Seyè a!

28 Se yon sòm David. Seyè, se ou menm ki twou wòch
kote m' kache a, se nan pye ou m'ap rele. Pa fè
tankou ou pa tande m'. Si ou pa reponn mwen, m'ap
tankou yon kadav y'ap antere. **2** Tande m' non, lè m'ap
rele ou, lè m'ap mande ou sekou. Koute m' non, lè mwen
leve de bra m' nan direksyon kay ki apa pou ou a. **3** Pa
mete m' nan menm sak ak mechan yo, ak moun k'ap fè
sa ki mal, ak moun ki gen bèl pawòl nan bouch yo men ki
gen mechanste plen kè yo. **4** Pini yo pou sa yo fè, pou
tou sa yo fè ki mal. Pini yo pou tou sa yo fè, ba yo sa yo
merite. **5** Yo pa pran ka sa Seyè a te fè, sa l' te fè ak
men l'. Se pou Seyè a detwi yo, se pou l' disparèt yo nèt
alè. **6** Ann fè lwanj Seyè a. Li tande m' lè mwen rele l'.
7 Seyè a ap pwoteje m', l'ap pran defans mwen. Mwen
mete tout konfyans mwen nan li. Li ede m', kè m' kontan.
M'ap chante pou m' fè lwanj li. **8** Se Seyè a ki tout fòs pèp
li a. L'ap defann wa li chwazi a, l'ap delivre l'. **9** Seyè,
sove pèp ou a non! Beni tout moun pa ou yo! Aji ak yo
tankou yon bon gadò. Pran swen yo tout tan tout tan.

29 Se yon sòm David. Nou tout pitit Bondye yo, fè
lwanj Seyè a! Fè lwanj Seyè a pou pouvwa ak fòs li
genyen! **2** Fè lwanj non Seyè ki gen pouvwa a! Adore
Seyè a nan bèl kay ki apa pou li a! **3** Seyè a fè tande
vwa li sou lanmè. Bondye ki gen pouvwa a fè loraj yo
gwonde. Seyè a ap mache sou tout lanmè a. **4** Vwa Seyè
a se yon vwa ki gen pouvwa! Se yon vwa ki mande pou
moun respekte l'! **5** Vwa Seyè a kase pye sèd yo, li kase
pye sèd peyi Liban yo. **6** Li fè mòn nan peyi Liban yo
sote ponpe tankou ti gazèl bèf. Li fè mòn Siryon yo sote
ponpe tankou jenn ti towo bèf. **7** Vwa Seyè a fè zèklè. **8**
Vwa Seyè a fè dezè a tranble. Wi, li fè dezè Kadès la
tranble. **9** Vwa Seyè a tòde pye chenn yo. Li fè tout fèy
nan rakbwa tonbe. Nan tanp li, tout moun ap fè lwanj pou
li. **10** Seyè a te chita sou fotèy li lè te gen gwo inondasyon
an. L'ap gouvènen tankou wa pou tout tan. **11** Seyè a va
bay pèp li a fòs, l'a beni yo, l'a ba yo kè poze.

30 Kantik pou fèt Benediksyon Tanp lan. Se yon sòm
David. M'ap fè lwanj ou, Seyè, paske ou mete m'
sou de pye m' ankò, paske ou pa bay lènmi m' yo chans
pou yo pase m' nan rizib. **2** Seyè, Bondye mwen, mwen
rele nan pye ou, epi ou geri mwen. **3** Ou rale m' soti nan
bouch twou a. Ou ban m' lavi ankò, ou pa kite m' mouri.
(Sheol h7585) **4** Nou tout ki renmen Seyè a, fè lwanj li!
Chonje sa l' te fè. Li pa tankou tout moun. Di l' mèsi. **5**
Paske, lè li ankòlè, se pou yon ti tan. Men, li ban nou favè
l' pou tout tan n'ap viv. Lannwit nou kriye, Kou l' jou, kè
nou kontan. **6** Mwen te santi kè m' poze, se sak fè mwen
t'ap di: -Anyen p'ap janm rive m'. **7** Seyè, ou fè m' favè,
ou mete m' chita sou yon mòn byen wo. Men, kou ou vire
do ban mwen, kè m' kase. **8** Mwen te kriye nan pye ou,
Seyè. Mwen te mande ou sekou. **9** Si ou kite yo touye m',
sa sa ap fè pou ou? Si ou kite m' ale anba tè, sa sa ap
rapòte ou? Eske moun mouri ka fè lwanj ou? Eske yo ka
mache di jan ou toujou kenbe pawòl ou? **10** Koute m'
non, Seyè! Gen pitye pou mwen! Seyè, pote m' sekou! **11**
Ou siye dlo nan je m', ou fè kè m' kontan anpil. Ou wete
rad dèy ki te sou mwen an, ou ban m' yon bèl rad mete
sou mwen pou m' fè fèt. **12** Mwen p'ap rete ak bouch

mwen fèmen, m'ap chante lwanj ou. Seyè, se ou menm ki
Bondye mwen! Se tout tan tout tan m'ap di ou mèsi.

31 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm David. Seyè, m'ap
chache pwoteksyon anba zèl ou! Pa janm kite m'
pran wont ankò. Ou se yon Bondye ki pa nan patipri.
Tanpri, delivre mwen. **2** Panche zòrèy ou bò kote m',
prese vin delivre mwen. Se ou menm ki twou wòch kote m'
ka jwenn pwoteksyon. Se ou menm ki pou sèvi m' ranpa.
Se ou menm ki pou delivre m'. **3** Se ou ki tout pwoteksyon
mwen, tout defans mwen. Tanpri, dirije m', kondi m' poutèt
non ou pote a. **4** Pa kite m' tonbe nan pèlen yo tann pou
mwen an. Se ou menm k'ap pwoteje m'. **5** Mwen renmèt
lespri mwen nan men ou. W'a delivre m', Seyè, paske ou
se yon Bondye ki kenbe pawòl li. **6** Ou rayi moun k'ap
adore zidòl. Pou mwen menm, tout konfyans mwen se
nan ou li ye. **7** M'ap kontan, m'ap fè fèt, paske ou renmen
m'. Ou wè jan m'ap soufri, ou konnen nan ki pwoblèm
mwen ye. **8** Ou pa kite lènmi m' yo mete men sou mwen,
ou mete m' yon kote pou anyen pa rive m'. **9** Gen pitye
pou mwen, Seyè, paske mwen anba tray. Figi m' fin rale,
mwen kagou. Kò m' ap fin deperi afòs mwen gen lapenn.
10 Mwen pase tout lavi m' ap soufri, se tout tan m'ap
plenn. Mwen santi m'ap febli paske mwen fè twòp move
bagay. Tout zo nan kò m' ap fè m' mal. **11** Tout lènmi m'
yo ap pase m' nan rizib. Vwazen m' yo ap pase m' nan
betiz. Tout moun ki konnen m' yo pè m'. Lè yo wè m' nan
lari, yo kouri pou mwen. **12** Tout moun gen tan bliye m',
tankou si m' te mouri deja. Mwen tankou yon vye bagay
yo voye jete. **13** Mwen tande jan anpil moun ap pale m'
mal. Kote m' pase mwen pè. Yo mete tèt yo ansanm sou
do m', y'ap fè konplo pou yo touye m'. **14** Men, Seyè, se
nan ou mwen mete tou konfyans mwen. Se ou ki Bondye
mwen. **15** Lavi m' nan men ou. Delivre m' anba lènmi m'
yo, anba moun k'ap pèsekite m' yo. **16** Se sèvi m'ap sèvi
ou, tanpri, fè m' santi ou la avèk mwen. Delivre m', paske
ou renmen m'. **17** M'ap rele ou, Seyè. Pa kite m' pran
wont. Se mechan yo ki pou wont. Se pou yo mouri san di
krik. **(Sheol h7585)** **18** Se pou yo rete san pale, moun sa
yo k'ap bay manti, tout moun sa yo k'ap fè grandizè yo,
k'ap fè awogans, k'ap pale mal sou moun k'ap mache
dwat devan Bondye yo. **19** Ala bon yo bon, bagay ou
kenbe an rezèv pou moun ki gen krentif pou ou! Ala bèl
yo bèl, bagay ou fè devan tout moun, lè w'ap pwoteje
moun k'ap chache pwoteksyon anba zèl ou! **20** Ou kenbe
yo la devan je ou, pou ou ka pwoteje yo anba moun k'ap
pèsekite yo. Ou kache yo lakay ou pou yo pa fini ak yo
anba kout lang. **21** Lwanj pou Seyè a! Ala bèl bagay li fè
pou l' moutre jan l' renmen mwen, lè m' te anba tray, lè yo
te sènen m' toupatou a! **22** Mwen te pè, mwen t'ap di nan
kè m': -Gen lè ou voye m' jete byen lwen ou. Men, ou
te tande rèl mwen, lè m' t'ap mande ou sekou. **23** Nou
tout k'ap sèvi Seyè a, se pou nou renmen l'. Wi, Seyè a
pwoteje tout moun ki kenbe fèm nan li. Men, se pa ti pini
l'ap pini moun k'ap vante tèt yo. **24** Nou tout ki met espwa
nou nan Seyè a, pran kouraj, kenbe fèm.

32 Se yon kantik David. Ala bon sa bon pou yon moun
lè Bondye pa gade sou fòt li fè, lè Bondye padonnen
peche l' yo! **2** Ala bon sa bon pou yon moun lè Seyè a
pa mande l' kont pou sa li fè ki mal, lè li pa gen okenn
lide twonpe Bondye! **3** Tank mwen pa t' ankò vle rekonèt
peche m' yo, mwen t'ap cheche sou pye. Tout lajounen,
mwen t'ap plenn. **4** Lajounen kou lannwit ou t'ap kale
m', Seyè. Mwen fin rann tout ji mwen, tankou tè sèk nan
sezon chalè. **5** Lè sa a, mwen rekonèt peche m' yo devan
ou, mwen pa t' kache ou sa m' te fè ki mal. Mwen di: M'ap
rakonte Seyè a tout bagay. Apre sa, ou te padonnen tout
peche m' yo. **6** Se konsa, moun k'ap sèvi ou ak tout kè
yo gen pou lapriyè ou lè yo nan tray. Si yo nan gwo dlo,
anyen p'ap rive yo. **7** Se bò kote ou mwen vin kache.
Jou malè w'ap delivre m'. M'ap chante fè konnen jan ou
pwoteje m'. **8** Seyè a di: M'a louvri lespri ou sou anpil
bagay. M'a moutre ou chemen pou ou swiv la. M'a ba ou
bon konsèy. M'ap voye je sou ou. **9** Pa fè tankou chwal
osinon tankou milèt ki san konprann. Yo blije mete bosal
ak brid nan bouch yo pou donte yo. Si se pa sa, ou pa ka
pwoche bò kote yo. **10** Mechan yo gen pou yo soufri anpil.
Men, Seyè a ap toujou pwoteje moun ki met konfyans yo
nan li paske li renmen yo. **11** Nou tout k'ap viv jan Bondye
vle l' la, fè kè nou kontan, chante pou sa Seyè a fè pou
nou. Nou tout k'ap mache dwat devan Bondye, rele, fè wè
jan nou kontan.

33 Nou tout k'ap viv jan Bondye vle l' la, fè kè nou
kontan pou sa Seyè a fè. Nou tout k'ap mache dwat
devan li, li bon pou n' fè lwanj li. **2** Jwe enstriman mizik
pou di Seyè a mèsi! Jwe gita dis kòd la, fè fèt pou li.
3 Chante yon chante tou nèf pou li. Wi, jwe bèl mizik,
chante byen fò. **4** Paske, pawòl Seyè a se verite. Li fè
tout bagay jan l' te di l' la. **5** Seyè a renmen sa ki dwat, li
renmen sa ki san patipri. Toupatou sou latè nou wè jan li
gen bon kè. **6** Seyè a pale, epi syèl la fèt. Li soufle ak
bouch li, tou sa ki nan syèl la fèt. **7** Li ranmase tout dlo
lanmè a yon sèl kote. Li mete tout dlo ki nan fon lanmè a
nan rezèvwa. **8** Se pou tout moun sou latè gen krentif
pou Seyè a. Se pou tout moun sou latè tranble devan li. **9**
Paske, li pale, bagay la rive. Li bay lòd, tout bagay fèt. **10**
Seyè a detounen plan travay peyi yo, li anpeche pèp yo
reyalize sa yo te gen lide fè. **11** Men, plan travay Seyè a
la pou tout tan. Sa l' gen lide fè a ap toujou fèt. **12** Ala
bon sa bon lè yon peyi gen Seyè a pou Bondye li! Ala bon
sa bon pou pèp li chwazi pou rele l' pa l' la! **13** Seyè a
rete nan syèl la, li gade anba, li wè tout moun. **14** Kote li
ye lakay li a, li gade anba, li wè sa tout moun ap fè sou tè
a. **15** Se li menm ki penmèt yo gen lide nan tèt yo, l'ap
veye tou sa y'ap fè. **16** Se pa yon gwo lame k'ap fè yon
wa genyen batay la. Se pa gwo kouray k'ap fè yon sòlda
kraze lènmi l' yo. **17** Pa mete nan tèt ou yon chwal ka fè
ou genyen batay la. Bon kou l' bon, li pa ka sove pesonn.
18 Seyè a ap veye sou moun ki gen krentif pou li. L'ap
veye sou moun ki met espwa yo nan li paske yo konnen li
renmen yo. **19** L'ap rache yo anba lanmò. L'ap kenbe

yo vivan lè grangou tonbe sou peyi a. **20** Nou mete tout
espwa nou nan Seyè a. Se li menm ki tout sekou nou. Se
li menm ki tout pwoteksyon nou. **21** Se li ki fè kè nou
kontan. Nou mete konfyans nou nan li ki yon Bondye apa.
22 Tanpri, Seyè, toujou fè nou favè, menm jan nou menm
nou mete tout espwa nou nan ou.

34 Yon jou David te pran pòz moun fou li devan
Abimelèk, pou Abimelèk te kite l' ale. Se aprè sa
David ekri sòm sa a. Se tout tan m'ap di Seyè a mesi,
mwen p'ap janm sispann fè lwanj li. **2** M'ap fè lwanj li pou
sa li te fè. Se pou tout moun ki anba tray tande sa pou yo
ka fè kè yo kontan. **3** Mete tèt nou ansanm avè m' pou fè
konnen jan Seyè a gen pouvwa. Ann fè lwanj li ansanm!
4 Mwen te kriye nan pye Seyè a, li te reponn mwen. Li
delivre m' anba tout sa ki t'ap fè m' pè yo. **5** Lè nou vire je
nou gade l', sa fè kè nou kontan. Nou p'ap janm wont. **6**
Lè moun ki san sekou yo rele l', li reponn yo, li delivre yo
anba tout tray. **7** Zanj Seyè a kanpe bò kote tout moun ki
gen krentif pou li, pou pwoteje yo. Li delivre yo lè yo nan
danje. **8** Goute, n'a wè jan Seyè a bon! Ala bon sa bon
pou moun ki jwenn pwoteksyon anba zèl li! **9** Nou tout
pèp Seyè a, se pou nou gen krentif pou li, paske moun ki
gen krentif pou li p'ap janm manke anyen. **10** Moun rich
konn manke manje, yo konn rete grangou. Men, moun
k'ap chache fè volonte Seyè a p'ap manke anyen. **11** Vini
non, timoun mwen yo, koute sa m'ap di nou. M'a fè nou
konnen ki jan pou nou gen krentif pou Seyè a. **12** Ki moun
ki ta renmen jwi lavi? Ki moun ki ta renmen viv lontan ak
kè kontan? **13** Se moun ki pa lage kò yo nan pale moun
mal ni nan bay manti. **14** Sispann fè sa ki mal. Fè sa ki
byen! Chache jan pou nou viv byen ak moun. Fè tou sa
nou kapab pou nou viv byen ak tout moun. **15** Seyè a ap
veye moun ki mache dwat devan l' yo. L'ap koute yo lè
y'ap rele nan pye l'. **16** Men, Seyè a vire do bay moun
k'ap fè sa ki mal, pou pesonn sou latè pa janm chonje yo.
17 Lè moun ki mache dwat yo rele l', li tande yo. Li wete
yo anba tray. **18** Seyè a kanpe toupre moun ki dekouraje
yo, li delivre tout moun ki te pèdi espwa. **19** Lè yon moun
ap mache dwat, li gen pou l' soufri anpil. Men, Seyè a ap
delivre l' anba tout soufrans li yo. **20** L'ap pwoteje l' nèt
ale. Pa yon ti zo nan kò l' p'ap kraze. **21** Malè gen pou fini
ak mechan yo. Moun ki pa vle wè moun k'ap mache dwat
yo gen pou yo tonbe anba chatiman. **22** Seyè a ap delivre
moun k'ap sèvi l' yo, li p'ap kondannen okenn moun ki
chache pwoteksyon bò kote l'.

35 Se yon sòm David. Seyè, atake moun ki pa vle wè
m' yo, goumen ak moun k'ap fè m' lagè yo. **2** Pran
zam ou sèvi pou pare kou a, leve non, vin pote m' sekou.
3 Pran fwenn ou, pran rach ou. Atake moun k'ap pousib
mwen yo. Fè m' konnen se ou menm k'ap delivre m'. **4**
Se pou moun k'ap chache touye m' yo sezi, se pou yo
wont. Se pou moun k'ap fè konplo sou mwen yo rale kò
yo dèyè. Se pou yo pa ka leve tèt yo. **5** Se pou yo tankou
pay van ap pote ale, lè zanj Bondye a ap kouri dèyè yo. **6**
Se pou fènwa bare wout yo, pou chemen an glise anba
pye yo, lè zanj Bondye a ap talonnen yo. **7** San m' pa fè
yo anyen, y'ap tann pèlen pou mwen. San m' pa fè yo
anyen, y'ap fouye yon twou byen fon pou m' ka tonbe
ladan l'. **8** Men, y'ap rete konsa, malè ap tonbe sou yo,
y'ap pran nan pèlen yo te tann lan, y'ap tonbe nan twou
yo te fouye a. **9** Se konsa Seyè a pral fè kè m' kontan,
m'ap kontan anpil, paske li delivre mwen. **10** M'a di ak
tout kè mwen: -Seyè, pa gen tankou ou! Ou delivre fèb
yo anba moun ki gen fòs pase yo. Ou delivre pòv yo ak
malere yo anba moun k'ap piye yo. **11** Gen moun k'ap
kanpe bay manti sou mwen. Yo di mwen fè yon pakèt
bagay mwen pa janm konnen mwen fè. **12** Moun mwen fè
byen se yo k'ap fè m' mal. Mwen fin dekouraje. **13** Lè yo
te malad, mwen te pran gwo lapenn pou yo, mwen rete
san manje. Mwen bese tèt mwen pou mwen lapriyè pou
yo, **14** menm jan mwen ta lapriyè pou yon zanmi osinon
pou yon frè. M'ap mache do ba ak gwo lapenn nan kè m',
tankou yon moun ki pèdi manman l'. **15** Men, lè mwen
menm mwen nan tray, yo tout yo kontan, yo mete tèt yo
ansanm. Y'ap fè pil dèyè do m' pou bay manti sou mwen.
Y'ap kale do m' san pran souf. **16** Yo atake m', yo pase
m' nan betiz. Y'ap gade m', y'ap griyen dan sou mwen.
17 Seyè, pou konbe tan ankò w'a penmèt sa? Pwoteje
m' non anba bèt sovaj sa yo. Sove m' anba lyon sa yo.
18 M'a di ou mèsi nan mitan tout moun lè yo reyini, m'a
fè lwanj ou devan yon gwo foul moun. **19** Pa kite lènmi
m' yo, bann mantò sa yo, fè fèt sou tèt mwen. Pa kite
moun sa yo ki rayi m' san m' pa fè yo anyen an fè siy sou
mwen. **20** Yo pale tankou moun k'ap chache kont. Y'ap
kalkile tout kalite manti pou yo fè sou moun ki pa nan kont
ak pesonn nan peyi a. **21** Yo louvri bouch yo byen laj pou
bay manti sou mwen. Y'ap di: -Wi! Nou te wè ou! **22** Men
ou menm, Seyè, ou wè tout bagay. Pa rete san ou pa di
anyen nan sa, Seyè! Pa rete lwen m' konsa. **23** Leve non,
Seyè, vin pran defans mwen! Leve non, Bondye mwen,
vin plede kòz mwen! **24** Ou pa nan patipri, Seyè. Fè m'
jistis. Pa kite lènmi m' yo fè fèt sou tèt mwen. **25** Pa kite
yo di nan kè yo: -Wi! se sa menm nou te vle rive li! Pa kite
yo di: -Nou fini avè l'! **26** Tout moun ki kontan wè jan m'ap
soufri a, se pou yo wont jouk yo pa konn sa pou yo fè. Se
pou moun k'ap gonfle lestonmak yo sou mwen pèdi fil, se
pou yo kouri al kache! **27** Se pou moun ki kontan wè jan
m' inonsan an pran rele byen fò san rete. Se pou yo di: -
Seyè a gen gwo pouvwa! Li vle pou sèvitè li viv ak kè
poze. **28** Lè sa a, m'a fè konnen jistis ou, m'a fè lwanj ou
tout lajounen.

36 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm David, sèvitè Seyè
a. Peche a pale nan fon kè mechan an: li mete nan
tèt li pa gen rezon pou gen krentif Bondye. **2** Li kwè li
pi bon pase sa l' ye a: konsa, li pa vle rekonèt peche l'
yo. **3** Tout pawòl nan bouch li se move pawòl, se manti
ase l'ap bay. Li fin pèdi tèt li, li pa ka fè anyen ki byen
anko. **4** Li kouche sou kabann li, l'ap fè move plan. Li
sou yon move pant, li dakò ak tou sa ki mal. **5** Seyè, ou

renmen nou anpil anpil. Ou toujou kenbe pawòl ou. **6** Jistis ou kanpe fèm tankou gwo mòn ou yo. Jijman ou yo se bagay moun pa ka fin konprann. Seyè, se ou menm ki pran swen moun ansanm ak tout bèt yo. **7** Bondye, ala bon sa bon, renmen ou gen pou nou an! Se anba zèl ou lèzòm jwenn pwoteksyon. **8** Yo manje vant plen ak manje yo jwenn an kantite lakay ou. Bon bagay ou yo tankou yon rivyè dlo k'ap koule kote yo bwè kont kò yo. **9** Paske, se ou menm ki sous lavi a. Se limyè ou ki fè nou wè klè! **10** Toujou renmen moun ki konnen ou! Toujou fè byen pou moun ki san repwòch devan ou! **11** Pa kite awogan yo mete pye sou kou m'. Pa kite mechan yo fè m' kouri. **12** Gade jan moun k'ap fè mal yo tonbe non! Yo rete atè a, yo pa ka kanpe sou pye yo ankò!

37 Se yon sòm David. Pa fè kòlè lè ou wè mechan yo! Pa anvye sò moun k'ap fè mal yo! **2** Talè konsa, y'ap rache yo tankou raje. Yo gen pou yo fennen tankou zèb gazon. **3** Mete konfyans ou nan Seyè a, fè sa ki byen! Pran peyi a fè kay ou, viv ak kè poze! **4** Si se nan Seyè a ou pran tout plezi ou, l'a ba ou tou sa ou ta renmen. **5** Renmèt kòz ou nan men Seyè a! Mete konfyans ou nan li, l'a ede ou. **6** L'a fè jistis ou parèt aklè tankou yon limyè, l'a fè rezon ou parèt aklè tankou gwo solèy midi. **7** Rete dousman dèvan Seyè a, pran san ou. Tann li fè sa l' gen pou l' fè a. Pa fè kòlè lè ou wè moun gen zafè yo ap mache byen. lè ou wè moun reyalize tout move lide yo gen nan tèt yo. **8** Pa fache, pa fè move san. Ou pa bezwen ennève! Sa kapab fè ou fè sa ki mal. **9** Moun ki mete konfyans yo nan Seyè a va pran peyi a pou yo. Men, y'ap disparèt mechan yo. **10** Talè konsa, p'ap gen mechan ankò. W'a chache yo, ou p'ap jwenn yo. **11** Men, moun ki soumèt devan Bondye, yo pral resevwa pèyi a pou byen yo, y'a viv ak kè poze nèt ale. **12** Mechan yo ap fè konplo sou moun k'ap mache dwat yo. Y'ap gade yo konsa, yo anvi devore yo. **13** Seyè a ap ri mechan an, paske li konnen mechan an pa la pou lontan. **14** Mechan yo rale koulin yo, y'ap pare banza yo, pou yo touye pòv yo ak malere yo, pou ansasinen moun k'ap mache dwat yo. **15** Men, se yo menm menm koulin yo pral rache. Banza yo menm ap kase nan men yo. **16** Pito ou pa gen anpil byen, men ou mache dwat, pase pou ou gen anpil richès nan fè sa ki mal. **17** Paske, Bondye ap kraze kouraj mechan yo, men l'ap soutni moun ki mache dwat yo. **18** Seyè a konnen jan moun ki fè volonte l' yo ap viv. Eritaj yo la pou tout tan. **19** Yo p'ap wont lè bagay gate, y'ap jwenn tou sa yo bezwen lè grangou tonbe sou peyi a. **20** Men mechan yo ap peri. Moun ki pa vle wè Seyè a ap fennen tankou flè savann. Y'ap disparèt tankou lafimen. **21** Mechan an prete, li pa nan renmèt. Men, moun ki mache dwat yo gen kè sansib, yo fè kado. **22** Moun Seyè a beni va pran peyi a pou yo. Men, moun ki anba madichon Bondye gen pou disparèt sou tè a. **23** Seyè a pran men lèzòm, li mete yo nan bon chemen. Li kontan wè yo mache dwat. **24** Si yo tonbe, yo p'ap rete atè a. Paske Seyè a ap ba yo men. **25** Depi mwen timoun jouk mwen vin granmoun, mwen pa janm wè Bondye lage yon moun ki mache dwat, ni mwen pa janm wè pitit pitit li yo ap mande charite. **26** Okontrè, moun ki mache dwat l'a toujou gen kè sansib pou l' bay, pou li prete moun tou. Tout pitit pitit li yo tounen yon benediksyon pou lòt moun. **27** Pa fè mal, fè sa ki byen. W'a toujou gen yon kote nan peyi a pou ou rete. **28** Paske, Seyè a renmen moun ki mache dwat. Li pa lage moun ki kenbe fèm nan sèvis li. L'ap toujou pwoteje yo. Men, ras mechan yo gen pou disparèt. **29** Moun ki mache dwat gen pou pran peyi a pou yo. Y'ap rete nan peyi a tout tan tout tan. **30** Moun ki mache dwat devan Bondye bay bon konsèy. Se bon pawòl ase ki soti nan bouch li. **31** Li kenbe lalwa Bondye a fèm nan kè li, li p'ap janm bite. **32** Mechan an ap veye tout vire tounen moun k'ap mache dwat, l'ap chache jan pou l' touye l'. **33** Men, Seyè a p'ap lage l' nan men mechan an, li p'ap kite yo kondannen l' lè y'ap jije l'. **34** Mete konfyans ou nan Seyè a, fè tou sa l' mande ou fè. L'ap ba ou fòs pou ou ka pran peyi a pou ou. Ou gen pou wè mechan yo disparèt sou latè. **35** Mwen te wè yon mechan ki te fè tout moun pè li, li te kanpe tankou yon gwo pye mapou. **36** Apre sa, mwen tounen vin pase kote l' te ye a, li pa t' la. Mwen chache l', mwen pa janm wè l' ankò. **37** Gade moun k'ap mache dwat la byen gade. Gade tout vire tounen l'. Moun ki viv byen ak tout moun ap gen pitit ak pitit pitit. **38** Men, moun k'ap fè mal yo, y'ap rete konsa y'ap disparèt. Tout pitit ak pitit pitit yo ap disparèt tou. **39** Se Seyè a k'ap sove moun ki mache dwat yo. L'ap sèvi yo defans lè yo nan tray. **40** L'ap pote yo sekou, l'ap delivre yo. L'ap wete yo anba men mechan yo, paske se anba zèl li y' al chache pwoteksyon.

38 Se yon sòm David. Pou Bondye pa bliye nou. Seyè, pa pini m' lè ou fache! Pa kale m' lè ou an kòlè! **2** Ou bat mwen jouk ou blese m'. Ou kale m' byen kale. **3** Ou te fache anpil, se sa ki fè pa gen yon pati nan kò m' ki pa malad. Mwen te peche, se sa ki fè tout zo nan kò m' ap fè m' mal. **4** Peche m' yo fè pil, yo kouvri tèt mwen. Y'ap kraze m' tankou yon chay ki twò lou pou mwen. **5** Malenng mwen yo santi, y'ap koule paske mwen te viv tankou moun fou. **6** Mwen kagou, ren m' kase nèt. Tout lajounen m'ap mache tèt bese, dlo nan je. **7** Mwen gen yon lafyèb cho sou mwen. Mwen santi mwen malad nan tout kò m' **8** Mwen san fòs, tout zo nan kò m' kraze. Kè m' sere, m'ap plenn sitèlman m'ap soufri. **9** Seyè, ou konnen tou sa mwen ta renmen. Ou wè jan m'ap soufri. **10** Kè m' ap bat anpil, mwen pa kapab sipòte ankò! Ata je m', mwen pa ka louvri yo! **11** Tout zanmi m', tout vwazinaj kanpe lwen mwen, tout fanmi m' rete lwen mwen poutèt malenng mwen an. **12** Moun ki ta renmen wè m' mouri yo tann pèlen pou mwen. Moun ki ta renmen wè malè rive m' yo ap plede di yon bann move pawòl sou mwen. Tout lajounen, y'ap fè konplo sou mwen. **13** Mwen menm, mwen tankou yon moun ki soudè, mwen pa tande. Mwen tankou yon moun ki bèbè, mwen pa pale. **14** Wi, mwen pa louvri bouch mwen reponn yo paske mwen tankou yon moun ki pa tande sa y'ap di a. **15** Seyè, se nan ou mwen

mete tout konfyans mwen, se ou menm ki va reponn pou
mwen, o Seyè, Bondye mwen. 16 Paske, mwen di nan kè
m': -Pa kite yo fè fèt sou tèt mwen, pa kite yo moute sou
mwen si pye m' chape. 17 Mwen prèt pou m' tonbe. Doulè
a pi rèd sou mwen. 18 Mwen rekonèt mechanste mwen
fè. Kè m' sere lè m' wè sa m' fè. 19 Lènmi m' yo gwonèg,
yo anpil. Se yon bann moun ki rete konsa yo pa vle wè
m'. 20 Moun sa yo rann mwen mal pou byen, yo leve kont
mwen, paske m'ap chache fè byen. 21 Pa lage m' Seyè!
Bondye mwen, pa rale kò ou dèyè! 22 Prese vin pote m'
sekou, Seyè, ou menm ki delivrans mwen.

39 Pou chèf sanba yo. Pou Jedoutoun. Se yon sòm
David. Mwen te pwomèt mwen t'ap veye sou pawòl
mwen, pou m' pa peche ak lang mwen. M'ap mete yon
fren nan bouch mwen toutotan mechan yo va kanpe la
devan mwen. 2 Mwen fèmen bouch mwen, mwen pa
di yon mo, mwen pa pale menm. Sa pa sèvi m' anyen.
Mwen soufri pi rèd. 3 Kè m' te sere anpil. Plis mwen
kalkile sou sa, se plis sa fatige m'. Mwen pa t' kapab ankò.
Mwen mande: 4 Seyè, fè m' konnen kilè m'ap mouri. Di m'
konbe jou ki rete m' pou m' viv ankò, pou m' ka konnen se
pase m'ap pase sou tè a. 5 Gade, mwen konte jou ki rete
m' pou m' viv yo sou dwèt mwen. Lavi m' tankou anyen
devan ou. Wi, tout moun ki vivan, se tankou lafimen yo
ye. 6 Lèzòm ap pwonmennen sou tè a tankou lonbray. Se
pou gremesi y'ap bat kò yo. Y'ap anpile richès sou richès,
yo pa konnen ki moun k'ap vin jwi yo. 7 Koulye a, Seyè,
sa m'ap tann ankò? Tout espwa m' se sou ou! 8 Delivre
m' anba tout peche m' yo. Pa kite egare yo pase m' nan
betiz. 9 M'ap fèmen bouch mwen, mwen p'ap di yon mo.
Paske tou sa se travay ou. 10 Tanpri, pa bat mwen ankò,
sispann kale m'. Mwen prèt pou m' mouri anba kout fwèt
ou yo. 11 Lè w'ap korije moun ou pini yo pou fòt yo fè, ou
detwi tou sa yo pi renmen tankou mit k'ap manje rad. Se
vre wi, moun se tankou lafimen yo ye. 12 Tanpri, Seyè,
koute m' lè m'ap lapriyè. Tande jan m'ap rele, pa fèmen
kè ou lè m'ap kriye nan pye ou. Mwen tankou tout zansèt
mwen yo, se etranje mwen ye, se pase m'ap pase lakay
ou. 13 Tanpri, wete je ou sou mwen, pou m' ka pran yon ti
souf, anvan m' ale, anvan m' mouri.

40 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm David. Mwen te
mete tout espwa m' nan Seyè a. Li te panche zòrèy
li bò kote m', li te tande m' lè m' t'ap rele. 2 Li rale m' soti
nan twou kote m' t'ap peri a, nan gwo ma labou a. Li mete
m' sou gwo wòch la, li fè m' kanpe dwat ankò. 3 Li mete
yon chante tou nèf nan bouch mwen, yon chante pou m'
fè lwanj Bondye nou an. Anpil moun, lè yo wè sa, yo pral
pè, y'a mete konfyans yo nan Seyè a. 4 Ala bon sa bon
pou moun ki mete konfyans yo nan Seyè a, pou moun ki
p'ap swiv ni moun k'ap fè awogans yo ni moun k'ap bay
manti yo! 5 Seyè, Bondye mwen, ou te fè anpil bèl mèvèy
pou nou, ou te fè anpil lide pou nou. Pa gen tankou ou,
Seyè! Mwen ta renmen fè moun konnen yo, mwen ta
renmen pale sou yo. Men, yo sitèlman anpil, mwen pa ka
rakonte yo. 6 Ou pa bezwen yo fè okenn ofrann bèt pou
boule pou ou, ni pou yo fè ou kado anyen. Men, ou louvri
zòrèy mwen yo. Ou pa mande pou yo boule okenn vyann
bèt pou ou, ni pou yo touye bèt pou wete peche. 7 Lè sa
a mwen di: -Men mwen, mwen vini, jan sa ekri sou mwen
nan liv la. 8 Bondye mwen, mwen pran plezi m' nan fè
sa ou vle m' fè. Wi, mwen kenbe lalwa ou nan fon kè m'
9 Seyè, lè tout pèp Bondye a te reyini, mwen te fè yo
konnen jan ou fè nou gras. Wi, ou konn sa, mwen p'ap
rete ak bouch mwen fèmen. 10 Mwen pa t' manke pa di
jan ou fè nou gras, jan ou bay moun sekou. Nan mitan
tout pèp Bondye a, lè yo reyini, mwen pa t' manke pa di
jan ou renmen nou, jan ou toujou kenbe pawòl ou. 11
Seyè, ou pa janm sispann gen pitye pou mwen. W'ap
toujou pwoteje m', paske ou renmen m'. Ou p'ap janm
lage m'. 12 Kote m' vire, malè tonbe sou mwen. Mwen pa
ka konte yo. Peche m' yo twòp pou mwen. Mwen pa k'ap
sipòte yo. Yo pi plis pase cheve nan tèt mwen. Mwen pèdi
tout kouraj mwen. 13 Seyè, tanpri, delivre m' non! Prese
vin pote m' sekou, Seyè. 14 Moun k'ap chache touye m'
yo, se pou yo tout wont, se pou yo pa ka leve tèt yo. Moun
ki anvi wè malè rive mwen, se pou yo renka kò yo, se pou
yo wont. 15 Moun k'ap lonje dwèt sou mwen yo, se pou
sezisman pran yo tèlman yo wont. 16 Men, tout moun ki
vin jwenn ou, se pou yo kontan, se pou yo fè fèt. Tout
moun ki renmen jan ou delivre yo a, se tout tan pou yo di:
-Seyè a gen gwo pouvwa! 17 Pou mwen menm, se yon
pòv malere san sekou mwen ye. Men ou menm ki mèt
mwen, pa bliye m'. Se ou ki tout sekou mwen, se ou ki
tout delivrans mwen. Bondye mwen, pa mize!

41 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm David. Ala bon
sa bon pou moun ki pran ka pòv yo! Seyè a va
delivre l' lè la nan tray. 2 Seyè a va pwoteje l', li p'ap kite l'
mouri. L'ap fè l' viv ak kè kontan sou latè, li p'ap lage l'
nan men lènmi l' yo pou yo fè sa yo vle avè l'. 3 Seyè a
va ba l' fòs lè maladi fè l' pran kabann. Seyè a va ba l'
gerizon lè li malad kouche. 4 Mwen menm, mwen te di:
Seyè, gen pitye pou mwen. Geri mwen, paske mwen te
peche kont ou. 5 Lènmi m' yo ap pale m' mal. Y'ap di: Kilè
l'a mouri? Kilè y'a bliye l'? 6 Moun ki vin wè m' yo, se
yon bann ipokrit. Se ranmase yo vin ranmase tout kalite
move nouvèl. Soti yo soti, yo pwonmennen rakonte yo
toupatou. 7 Tout moun ki pa vle wè m' yo mete tèt yo
ansanm pou pale nan zòrèy sou mwen. Yo kwè m' fini,
nanpwen renmèd pou mwen. Y'ap fè yon pakèt vye lide
sou mwen. 8 Y'ap di: Msye kondannen. Kote l' kouche a,
nanpwen leve pou li ankò. 9 Ata pi bon zanmi m' lan,
moun mwen te fè konfyans anpil la, moun ki te konn
manje nan menm plat avè m' lan, ata li menm, li trayi m'.
10 Men ou menm, Seyè, gen pitye pou mwen. Mete m'
sou de pye m' ankò, pou m' ka ba yo sa yo merite. 11 M'a
konnen ou kontan avè m' vre si m' wè lènmi m' yo pa
banboche sou do m'. 12 Wi, w'ap soutni m', paske mwen
pa fè anyen ki mal. W'ap fè m' kanpe la devan ou pou tout

tan. 13 Ann fè lwanj Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la. Ann
fè lwanj li pou tout tan. Amèn! Se vre!

42 Pou chèf sanba yo. Se yonn nan chante pitit Kore
yo. Menm jan yon bèt anvi bwè dlo larivyè, se konsa
mwen anvi wè ou, Bondye. 2 Se pa ti anvi mwen pa anvi
wè Bondye, Bondye ki vivan an. Kilè m' ava ale pou m'
adore Bondye lakay li? 3 Lajounen kou lannwit m'ap kriye.
Se dlo ki soti nan je m' ki sèvi m' manje. Se tout tan moun
ap mande m': -Kote Bondye ou la? 4 Kè m' ap fann lè m'
chonje bagay tan lontan: mwen te konn mache ansanm
ak yon foul moun, ki te konn ale lakay Bondye. Moun yo
te konn fè fèt, yo te konn chante, yo t'ap di Bondye mèsi.
5 Mwen pale ak tèt mwen, mwen di: -Poukisa m' kagou
konsa? Poukisa m'ap plede plenn konsa nan kè m'? M'ap
met espwa m' nan Bondye, paske mwen gen pou m' fè
lwanj li ankò. Se li k'ap delivre m', se li ki Bondye mwen.
6 Wi, mwen kagou. Se poutèt sa, kote m' ye a, bò larivyè
Jouden an, sou mòn Emon osinon sou mòn Miza, tout
tan lide m' sou ou. 7 Yon lanm lanmè rale yon lòt lanm
lanmè dèyè l' lè gwo lapli ap tonbe. Tout kouran dlo ak
tout lanm lanmè yo ap pase sou mwen. 8 Lajounen Seyè
a fè m' anpil favè. Lannwit mwen chante yon chante pou
li. Mwen lapriyè Bondye ki tout lavi mwen. 9 Mwen di
Bondye ki twou wòch kote pou m' kache a: -Poukisa ou
bliye m' konsa? Poukisa pou m'ap viv ak tout lapenn sa a
nan kè m', lè lènmi m' yo ap kraze m' anba pye yo? 10
Mwen santi tout zo nan kò m' ap fè m' mal. lè moun k'ap
pèsekite m' yo ap joure m', lè tout tan y'ap mande m': -
Kote Bondye ou la? 11 Wi, poukisa mwen kagou konsa?
Poukisa m'ap plenn konsa nan kè mwen? M'ap mete
espwa m' nan Bondye, paske mwen gen pou m' fè lwanj li
ankò. Se li k'ap delivre m', se li ki Bondye mwen.

43 Fè m' jistis, Bondye. Defann kòz mwen kont moun
sa yo ki pa konnen ou. Delivre m' anba moun sa yo
k'ap bay manti, k'ap fè mechanste. 2 Se ou ki Bondye
mwen, se ou ki tout pwoteksyon mwen. Poukisa ou lage
m' konsa? Poukisa pou m'ap viv ak tout lapenn sa a nan
kè m', lè lènmi m' yo ap kraze m' anba pye yo? 3 Voye
limyè ou, moutre m' verite ou la. Fè yo fè m' wè chemen
pou m' pran an. Fè yo mennen m' sou mòn ki apa pou ou
a, nan kay kote ou rete a. 4 Lè sa a, m'a tounen vin bò
lotèl Bondye a, Bondye ki fè kè m' kontan an, Bondye k'ap
fè m' fè fèt la. M'a jwe enstriman mizik pou Bondye, pou
Bondye pa m' lan. 5 Wi, men poukisa m' kagou konsa?
Poukisa m'ap plenn konsa nan kè m'? M'ap mete espwa
mwen nan Bondye, paske mwen gen pou m' fè lwanj li
ankò. Se li k'ap delivre m', se li ki Bondye mwen.

44 Pou chèf sanba yo. Se yonn nan chante pitit Kore
yo. Bondye, nou te tande ak zòrèy nou tout gwo
bagay ou te fè nan tan lontan. Wi, granmoun nou yo te
rakonte nou tou sa ou te fè pou yo nan tan lontan. 2 Yo di
nou se avèk fòs kouraj ou ou te chase moun lòt nasyon
yo, pou ou te kapab tabli yo nan peyi a. Yo di nou jan
ou te maltrete anpil lòt nasyon pou ou te ka fè plas pou
zansèt nou yo. 3 Se pa t' avèk nepe pèp ou a te pran peyi
a, se pa t' fòs ponyèt yo ki te fè yo genyen batay la. Men,
se te pouvwa ou ak fòs ponyèt pa ou ki te penmèt yo fè
tou sa. Ou te la avèk yo pou ba yo kouraj. Ou te fè tou
sa paske ou renmen yo. 4 Se ou ki wa mwen, se ou ki
Bondye mwen. Fè pitit Jakòb yo jwenn delivrans. 5 Avèk
pouvwa ou, nou kilbite lènmi nou yo. Avèk ou menm ki la
avèk nou an, n'ap kraze moun ki leve dèyè nou yo. 6
Mwen p'ap mete konfyans mwen nan banza. Se pa nepe
m' ki pou delivre m'. 7 Se ou menm ki te delivre nou anba
lènmi nou yo. Ou fè moun ki pa t' vle wè nou yo wont. 8
Se chak jou n'ap fè lwanj ou. Se tout tan n'ap nonmen
non ou, n'ap di ou mèsi. 9 Men koulye a, Bondye, ou
vire do ban nou, ou fè nou pran wont, ou pa soti ansanm
avèk lame nou yo ankò. 10 Ou fè nou kouri devan lènmi
nou yo. Moun ki pa vle wè nou yo ap piye nou alèz. 11
Ou lage nou tankou mouton y'ap mennen labatwa. Ou
gaye nou nan mitan tout lòt peyi yo. 12 Ou vann pèp ou
a pou gremesi, ou pa fè okenn benefis sou li. 13 Ou fè
nasyon ki bò kote nou yo ap pase nou nan betiz Wi, yo
tout ap lonje dwèt sou nou, y'ap pase nou nan rizib. 14
Ou fè tout lòt nasyon yo ap bay istwa sou nou. Kou yo
wè nou, y'ap fè siy sou nou. 15 -(we vèsè pwochen) 16
Lè m' tande moun k'ap joure m' yo, moun k'ap vekse m'
yo, mwen pa ka gade yo nan je. Lè m' devan lènmi ak
moun ki pa vle wè m' yo, lawont fè m' bouche figi m'. 17
Wi, tout malè sa yo rive nou, men, nou pa janm bliye ou.
Nou pa t' manke anyen nan kontra ou fè avèk nou an. 18
Nou pa janm vire do ba ou, nou pa janm kite chemen
ou mete devan nou an. 19 Men ou menm, ki jan ou fè
lage nou konsa san sekou nan mitan bèt nan bwa yo?
Ou kite nou konsa kote ki fè nwa anpil la. 20 Si nou te
bliye rele Bondye nou an, si nou te lapriyè yon lòt bondye,
21 èske Bondye pa ta konn sa, li menm ki konn sekrè ki
nan kè tout moun? 22 Men, se poutèt ou tout tan yo soti
pou touye nou. Yo gade nou tankou mouton y'ap pare
pou labatwa. 23 Louvri je ou, Seyè. Poukisa w'ap dòmi
konsa? Leve non. Pa voye nou jete nèt! 24 Poukisa ou
vire do ban nou konsa? Poukisa ou bliye anba ki tray nou
ye, jan y'ap peze nou? 25 Nou tonbe san fòs nan pousyè
a. Nou kouche sou vant atè plat. 26 Leve non. vin pote
nou sekou! Jan ou renmen nou sa, vin delivre nou non!

45 Pou chèf sanba yo. Se pou yo chante sou menm
lè ak chante ki di: Bèl ti flè savann blan yo. Se yon
chante pitit Kore yo. Se yon chan damou. Mwen gen anpil
bèl pawòl nan bouch mwen. Mwen pral chante yon chante
pou wa a, mwen tankou yon moun ki konn konpoze bèl
chante. 2 Pa gen pi bèl gason pase ou sou tout latè. Ou
gen bèl pawòl dous nan bouch ou. Se poutèt sa, Bondye
ap toujou beni ou. 3 Ou menm vanyan gason, pase nepe
ou nan ren ou, pou moun ka wè jan ou gen pouvwa, pou
yo ka gen respè pou ou. 4 Moute sou cha ou, al goumen,
pou pran defans moun ki kenbe pawòl yo, moun ki gen
bon kè, moun ki mache dwat devan ou. Kouraj ou ap
fè ou genyen batay la. 5 Flèch ou yo pwenti. Moun lòt

nasyon yo ap tonbe nan pye ou. Lènmi wa a pèdi tout
kouraj yo. 6 Gouvènman ou lan la pou tout tan tout tan.
W'ap gouvènen san patipri tankou yon wa nan peyi ou
la. 7 Ou renmen tou sa ki byen, ou rayi tou sa ki mal.
Se poutèt sa, Bondye ki Bondye ou l'a chwazi ou. Li fè
kè ou kontan nèt ale: Li fè pou ou bagay li pa fè pou lòt
zanmi ou yo. 8 Tout rad ou santi bon ak odè flè jasmen,
womaren ak sitwonèl. Nan palè ou ki kouvri ak livwa, y'ap
fè mizik pou fè kè ou kontan. 9 Pami medam k'ap sèvi
lakay ou yo anpil ladan yo se pitit fi wa yo ye. Sou bò dwat
ou, larenn lan kanpe byen bèl. Li gen sou li bijou fèt an
lò ki soti peyi Ofi. 10 Koute, mafi! Gade byen! Tande sa
m'ap di ou: -Ou mèt bliye pèp kote ou soti a. Ou mèt bliye
moun kay papa ou yo. 11 Wa a pa manke renmen ou,
paske ou bèl. Se li ki mèt ou, se pou ou obeyi l'. 12 Moun
peyi Tir ap pote anpil kado ba ou. Moun rich yo ap vin
flate ou. 13 Pitit fi wa a nan palè a. Ala bèl li bèl! Twal rad
ki sou li a fèt ak fil lò. 14 Yo mennen l' bò kote wa a, avèk
bèl rad bwode li sou li. Tout fidonè li yo ap mache dèyè l':
yo prezante yo ba ou tou. 15 Y'ap vini, yo kontan, y'ap
chante, y'ap antre nan palè wa a. 16 Monwa, pitit ou yo va
chita kote zansèt ou yo te chita a. W'ap mete yo chèf sou
tout latè. 17 Mwen vle chante pou yo pa janm bliye ou,
konsa moun lòt peyi yo va fè lwanj ou tout tan tout tan.

46 Pou chèf sanba yo. Se yon chante pitit Kore yo
pou yo chante tou dousman. Se Bondye ki tout
pwoteksyon nou, se li menm ki tout fòs nou. Li toujou
pare pou ban nou sekou lè nou anba tray. 2 Se poutèt sa,
nou te mèt wè tè a ap tranble, nou te mèt wè mòn yo ap
chavire tonbe nan mitan lanmè, nou pa bezwen pè anyen.
3 Nou te mèt wè lanm lanmè yo move, y'ap kimen, jouk
mòn yo rive tranble lè lanmè a ap frape sou rivay la, nou
pa bezwen pè. 4 Gen yon gwo dlo larivyè k'ap koule pou
fè kè moun kontan nan lavil Bondye a, sèl kote ki apa nèt
pou Bondye ki anwo nan syèl la. 5 Bondye nan mitan lavil
la, lavil la p'ap janm brannen. Depi granmaten, Bondye
ap pote l' sekou. 6 Moun lòt peyi yo ap bat kò yo, chèf
gouvènman yo pran lezam. Bondye fè tande vwa li, latè
pran tranble. 7 Seyè ki gen tout pouvwa a la avèk nou.
Se bò kote Bondye Jakòb la nou jwenn kote pou n' kache.
8 Vini wè travay Seyè a! Gade ravaj l'ap fè sou latè! 9 Se
li menm ki fè yo sispann fè lagè toupatou sou latè. Li kase
banza yo, li kase frenn yo de bout, li boule tout cha yo
nèt. 10 Li di: -Rete la! Sispann goumen! Konnen se mwen
menm ki Bondye. Se mwen k'ap dominen sou tout nasyon
yo. Se mwen k'ap dominen sou tout latè. 11 Seyè ki gen
tout pouvwa a la avèk nou. Se bò kote Bondye Jakòb la
nou jwenn kote pou n' kache!

47 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm pitit Kore yo. Nou
tout pèp yo, bat bravo! Fè lwanj Seyè a! Rele ak kè
kontan! 2 Paske, Seyè ki anwo nan syèl la, se moun ki
pa nan jwèt, se moun pou nou pè. Se yon gwo wa k'ap
gouvènen sou tout latè. 3 Li fè nou dominen sou anpil
pèp, li mete anpil nasyon sou zòd nou. 4 Se li ki chwazi
peyi kote n'ap viv la pou nou. Peyi sa a se yon lwanj
pou pitit Jakòb li renmen anpil yo. 5 Bondye ap mache
moute, tout pèp la ap rele, y'ap kònen klewon sitèlman yo
kontan. 6 Chante pou Bondye, fè lwanj li! Wi, chante pou
wa nou an, fè lwanj li! 7 Paske, se Bondye ki wa sou
tout latè. Chante yon chante espesyal pou li! 8 Bondye
dominen sou tout nasyon yo. Bondye chita sou fotèy ki
apa pou li a. 9 Chèf lòt peyi yo mete tèt yo ansanm ak
pèp Bondye Abraram lan, paske se Bondye ki gen tout
zam pou defann pèp yo. L'ap dominen sou tout bagay.

48 Chante sa a, se yon sòm pitit Kore yo. Seyè a gen
gwo pouvwa! Li merite pou yo fè lwanj li nan lavil
Bondye nou an, sou mòn ki apa pou li a. 2 Ala yon bèl
mòn! Li fè kè tout moun sou latè kontan. Sou mòn Siyon
an, ki sou bò nò, se la yo bati lavil gwo wa a. 3 Seyè a
rete lakay li, li fè konnen se bò kote l' yo jwenn kote pou yo
kache. 4 Men sa ki te pase: Wa yo te mete tèt yo ansanm,
yo vin atake an menm tan. 5 Lè yo wè l', yo sezi. Yo pè,
yo kouri san gad dèyè. 6 Yon sèl tranbleman pran yo. Kè
yo sere tankou yon fanm ki gen tranche, 7 tankou lè van
nòde ap kraze batiman Tasis yo sou lanmè. 8 Sa nou te
konn tande moun di a, koulye a nou wè l' ak je nou nan
lavil Bondye nou an, nan lavil Seyè ki gen tout pouvwa a.
Bondye ap toujou pwoteje lavil la. 9 Nou rete nan tanp ou
a, n'ap kalkile jan ou renmen nou, Bondye. 10 Se tout
moun k'ap nonmen non ou, menm jan an tou, toupatou
sou latè y'ap fè lwanj ou. Ou gen anpil pouvwa, men ou
pa fè lenjistis. 11 Moun ki rete sou mòn Siyon yo kontan.
Moun ki rete nan peyi Jide yo pral fè fèt, paske ou konn fè
moun jistis. 12 Mache, fè tout tou lavil la. Konte konbe fò
li genyen. 13 Egzaminen miray lavil la byen egzaminen.
Vizite tout pòs faksyonnè yo, pou nou kapab fè pitit pitit
nou yo konnen 14 se Bondye sa a ki Bondye nou pou tout
tan tout tan. Se li menm k'ap kondi nou jouk sa kaba.

49 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm pitit Kore yo. Nou
tout, koute sa byen. Louvri zòrèy nou, nou menm
k'ap viv toupatou sou latè, 2 gran kou piti, rich kou pòv.
3 Mwen pral ban nou bon konsèy. Sa ki nan kè m' se
bagay ki gen sans. 4 M'ap louvri zòrèy mwen pou m'
tande paraból la. Mwen pral esplike l' ban nou antan m'ap
jwe mizik. 5 Poukisa pou m' ta pè, lè jou malè a rive, lè
moun ki pa vle wè m' yo sènen m' toupatou ak move lide
nan tèt yo? 6 Moun ki mete konfyans yo nan byen latè,
moun k'ap fè grandizè pou richès yo genyen, 7 pa gen
yonn ladan yo ki ka bay senk kòb pou delivre frè yo, ni ki
ka peye Bondye pou l' delivre yo. 8 Yo ta mèt pare pou
yo bay anpil lajan pou sove lavi pa yo, sa p'ap janm rive
fèt. 9 Atò, se pou yo ta viv tout tan san yo pa janm al
anba tè? 10 Men, nou wè moun ki gen bon konprann yo
mouri, yo disparèt menm jan ak moun sòt ansanm ak
moun egare yo. Yo kite tout richès yo pou lòt moun. 11 Se
nan simityè yo pral bout, se nan tonm yo pral rete, menm
si yo gen gwo bitasyon ki pote non yo. 12 Yon moun te
mèt grannèg kou l' grannèg li gen pou l' mouri. Li tankou

zannimo y'ap mennen labatwa. 13 Se konsa y'ap fini,
moun ki mete konfyans yo nan pwòp tèt yo. Se sa ki gen
pou rive moun k'ap koute pawòl yo tou. 14 Tankou yo
mete mouton nan pak, se konsa y'ap mete yo kote mò yo
ye a. Yo pral tou dwat nan simityè, se lanmò ki pral pran
swen yo. Bèl kou yo bèl, y'ap tounen pousyè. Se kote mò
yo ye a y'ap rete. (Sheol h7585) 15 Men, Bondye ap delivre
mwen, l'ap wete m' anba pouvwa lanmò. (Sheol h7585) 16
Ou pa bezwen pè lè ou wè yon moun ap vin pi rich, lè ou
wè l'ap mete richès pil sou pil lakay li. 17 Lè l' mouri, li
p'ap pote anyen ale avèk li, l'ap kite tout richès li yo dèyè.
18 Li te mèt kontan jan l' t'ap viv la, yo te mèt ap fè lwanj
li pou jan afè l' ap mache byen, 19 yon lè, li gen pou l'
mouri tankou zansèt li yo ki p'ap janm wè limyè ankò. 20
Yon moun te mèt grannèg kou l' grannèg, si li pa gen
konprann, li tankou zannimo y'ap mennen labatwa.

50 Se yon sòm Asaf. Seyè ki Bondye tout bondye yo
pale. Li rele tout moun ki rete sou latè, depi moun ki
rete kote solèy leve jouk moun ki rete kote solèy kouche.
Li fè yo tout sanble. 2 Bondye parèt, li klere byen bèl depi
Siyon, mòn ki bèl tout bon an. 3 Bondye nou an ap vini. Li
p'ap rete ak bouch li fèmen. Devan li gen yon gwo dife
k'ap boule tout bagay, l'ap vini nan mitan yon gwo van
k'ap fè dega. 4 Li rele syèl la ak latè a pou sèvi l' temwen.
Li pral jije pèp li a. 5 Li di: -Sanble tout moun k'ap sèvi
m' yo nan pye m'. Sanble tout moun ki te fè kontra avèk
mwen lè yo te ofri bèt touye ban mwen. 6 Syèl la va fè
konnen Bondye ki pa nan patipri a, se li menm ki sèl jij! 7
Koute, pèp Izrayèl, pèp mwen! Mwen pral pale avè ou!
Mwen pral mete tout bagay aklè avè ou! Se mwen menm
ki Bondye, se mwen menm ki Bondye ou. 8 Se pa pou
bèt ou touye pou mwen yo m'ap fè ou repwòch, ni pou bèt
ou boule pou mwen yo. 9 Mwen pa mande ou ti towo bèf
ki nan sèka ou, ni bouk kabrit ki nan jaden ou. 10 Paske,
tout bèt ki nan bwa, se pou mwen yo ye. Tout kantite bèt
ki nan mòn yo, se pou mwen yo ye tou. 11 Mwen konnen
tout zwezo k'ap vole nan mòn yo. Tout zannimo ki nan
savann, se pou mwen yo ye. 12 Si m' te grangou, mwen
pa ta janm bezwen di ou sa, paske tout tè a ansanm ak
tou sa ki ladan l', se pou mwen yo ye. 13 Eske m' manje
vyann towo bèf? Eske m' bwè san bouk kabrit? 14 Men
sa pou ou fè pou Bondye: Di l' mèsi pou tout bagay. Fè
tout sa ou te pwomèt fè pou Bondye ki anwo nan syèl la.
15 Lè ou nan tray, rele m', m'a delivre ou. W'a fè lwanj
mwen. 16 Men, Bondye pale ak mechan yo, li di yo: -Ki
dwa nou genyen pou n'ap resite kòmandman mwen yo?
Ki dwa nou genyen pou nou gen pawòl kontra mwen an
nan bouch nou? 17 Nou pa vle kite m' korije nou. Nou
derefize obeyi kòmandman mwen yo. 18 Lè nou wè yon
vòlè, nou fè zanmi avèk li. Nou met tèt nou ansanm ak
fanm movèz vi yo. 19 Lang nou cho pou pale moun mal.
Depi nou louvri bouch nou, se manti n'ap bay. 20 Nou
chita, n'ap pale frè nou mal. N'ap bay manti sou frè nou ki
menm manman ak nou. 21 Nou fè tou sa, epi nou te vle
pou m' pe bouch mwen? Nou mete nan tèt nou se menm
moun ak nou mwen ye? Men koulye a, mwen pral fè nou
pran men nou. Mwen pral mete tout bagay aklè devan je
nou. 22 Koute sa byen, nou menm ki bliye si gen Bondye.
Si se pa sa, m'ap dechire nou. Lè sa a, p'ap gen moun ki
ka delivre nou. 23 Lè yon moun chonje di m' mèsi pou
tout bagay, se lè sa a li fè lwanj mwen. M'ap delivre tout
moun k'ap veye kote y'ap mete pye yo.

51 Pou chèf sanba yo. Se David ki te ekri sòm sa a
lè pwofèt Natan te vin pale avè l' aprè adiltè li te fè
avèk Batcheba. Gen pitye pou mwen, Bondye. Jan ou
gen bon kè sa a! Tanpri, efase tou sa mwen fè ki mal,
paske ou gen kè sansib. 2 Lave m', foubi m' pou wete fòt
mwen fè a. Netwaye m' pou efase peche m' lan. 3 Mwen
rekonèt sa m' fè a pa bon. Se tout tan peche m' lan devan
je m'. 4 Se kont ou menm menm mwen peche-pa kont lòt
moun. Mwen fè bagay ou pa dakò pou moun fè. Se sak fè
ou gen rezon lè ou kondannen yon moun. Moun pa ka fè
ou okenn repwòch lè ou fin jije. 5 Wi, depi m' fèt, mwen
fèt ak peche nan kè m'. Depi nan vant manman m', mwen
gen peche nan kè m'. 6 Men, ou vle pou yon moun sensè
nan tou sa l'ap fè. Tanpri, fè m' konprann tout bagay non!
7 Wete peche m' lan avèk yon branch izòp, konsa m'a nan
kondisyon pou m' fè sèvis pou ou. Lave m', m'a pi blan
pase koton. 8 Fè m' tande pawòl ki pou fè kè m' kontan
an, pawòl ki pou fè m' chante a. Wi, ou te kraze tout zo
nan kò m', men w'a fè kè m' kontan ankò. 9 Wete peche
mwen yo devan je ou. Efase tout fòt mwen fè yo. 10 O
Bondye, pa kite okenn move lide nan kè m'. Mete bon
lide nan tèt mwen, pou m' sa kenbe fèm. 11 Pa voye m'
jete. Pa wete lespri ou te ban mwen an. 12 Sove m'. Fè
kè m' kontan ankò. Ban m' bon lide ki pou fè m' toujou
obeyisan. 13 Lè sa a, m'a moutre moun k'ap fè peche yo
tout kòmandman ou yo, pou yo sa tounen vin jwenn ou.
14 Pa kite yo tire revanj sou mwen, Bondye, se ou k'ap
sove lavi m'. N'a fè konnen jan ou gen bon kè. 15 Seyè
mwen, mete pawòl nan bouch mwen pou m' ka fè lwanj
ou. 16 Si se bèt ou ta vle yo touye pou ofri ou, mwen ta
ofri bèt ba ou. Men, ou pa pran plezi nan vyann bèt y'ap
boule ofri ba ou yo. 17 Ofrann ki fè Bondye plezi, se lè
yon moun soumèt tèt li devan li. Bondye, ou p'ap janm
meprize moun ki soumèt tèt li devan ou, moun ki rekonèt
tò li. 18 O Bondye, fe anpil byen pou mòn Siyon, paske
ou gen bon kè. Rebati miray lavil Jerizalèm yo. 19 Se lè
sa a w'a pran plezi nan ofrann bèt ou mande pou yo touye
pou ou yo, nan vyann bèt ak lòt ofrann y'ap boule nèt pou
ou yo. Se lè sa a y'a ofri jenn towo bèf sou lotèl ou a.

52 Pou chèf sanba yo. Se yon chante David te ekri
lè Doèg, moun peyi Edon, te al pote rapò bay
Sayil pou fè l' konnen David te al kache lakay Akimelèk.
Poukisa, ou menm gwo chèf, w'ap vante tèt ou konsa lè
ou fè sa ki mal! renmen Bondye a pa janm chanje. 2 W'ap
kalkile ki jan pou fè moun mal. Lang ou tankou yon razwa
byen file, ou toujou ap fè manti sou moun. 3 Ou pito fè

mal pase pou ou fè byen. Ou pito bay manti pase ou di
verite. 4 Ou renmen di pawòl ki pou fè moun mal, lang
vipè! 5 Se poutèt sa, Bondye gen pou fini nèt avè ou,
l'ap mete men sou ou, l'ap rale ou soti anndan kay ou.
L'ap wete ou nan mitan moun ki vivan yo. 6 Moun k'ap
mache dwat yo va wè sa, y'a gen krentif pou Bondye. Men
y'a pase ou nan betiz, y'a di: 7 Men moun ki te derefize
chache pwoteksyon bò kot Bondye a. Li te pito mete tout
konfyans li nan gwo richès li yo. Li te pito ap fè grandizè
pou sa li fè ki mal. 8 Men, mwen tankou yon bèl pye oliv
tou vèt nan kay Bondye a. M'ap toujou mete tout konfyans
mwen nan li, paske li p'ap janm sispann renmen mwen. 9
M'ap toujou di ou mèsi pou sa ou fè, Bondye. Tout espwa
mwen se nan ou li ye. M'ap kanpe nan mitan moun k'ap
sevi ou yo pou m' fè konnen jan ou bon.

53 Pou chèf sanba yo. Fè yo chante ansanm, tankou
timoun lekòl. Se yon sòm David. Moun fou di nan
kè yo: -Pa gen Bondye! Yo tout fin pouri. Y'ap fè yon
bann mechanste. Pa gen yonn ki fè sa ki byen. 2 Bondye
rete nan syèl la, l'ap gade lèzòm anba, pou l' wè si gen
ladan yo ki gen konprann, si gen ladan yo k'ap chache
l'. 3 Men, yo tout vire do bay Bondye. Yo tout yo mete
tèt ansanm pou fè sa ki mal. Pa gen yonn ladan yo k'ap
fè sa ki byen, non, pa menm gen yon sèl ladan yo. 4
Bondye di: -Moun sa yo k'ap fè mechanste, se konnen yo
pa konnen? Yo rete, y'ap souse pèp mwen an pou yo ka
viv. Pa gen yonn ladan yo ki rele non mwen. 5 Men tou,
yo pral sezi, yo pral tranble, san pa gen rezon pou yo
tranble. Men Bondye pral gaye zo tout lènmi ou yo, w'ap
fè yo wont, paske Bondye lage yo. 6 Oo! Kilè Bondye va
soti sou mòn Siyon an pou l' delivre pèp Izrayèl li a? Lè
Bondye va fè pèp li a kanpe ankò, pitit pitit Jakòb yo pral
fè fèt. Se vre wi, pèp Izrayèl la pral kontan.

54 Pou chèf sanba yo. Se yon chante David te ekri
lè moun peyi Zif yo te al di Sayil men David kache
lakay yo. Bondye, delivre m' non avèk pouvwa ou! Fè m'
jistis avèk fòs kouraj ou! 2 Bondye, koute m' non lè m'ap
lapriyè! Panche zòrèy ou pou tande pawòl k'ap soti nan
bouch mwen! 3 Paske gen yon seri moun awogan ki leve
dèyè m', yon bann mechan ki soti pou touye m'! Yo pa
menm chonje si gen Bondye! 4 Men, Bondye ap vin ede
m'. Seyè a ap pran defans mwen. 5 L'ap fè mechanste
moun ki pa vle wè m' yo tonbe sou tèt yo; l'ap fini nèt ak
yo paske l'ap toujou kenbe pawòl li. 6 Seyè, m'a ofri bèt
pou yo touye pou ou ak kè kontan, m'a fè lwanj ou, paske
ou bon pou mwen. 7 Ou delivre m' anba tray mwen te ye
a; ou fè m' wè lènmi m' yo pèdi batay la.

55 Pou chèf sanba yo. Se sou enstriman mizik akòd
pou yo jwe mizik la. Se yon chante David. Bondye,
panche zòrèy ou bò kote m'! Koute m' non lè m'ap lapriyè!
Piga ou vire do ban mwen lè m'ap rele nan pye ou! 2
Pran ka mwen, koute m', reponn mwen non! Kè m' sere,
m'ap plenn! 3 Mwen boulvèse lè m' tande lènmi m' yo
ap pale, lè m' tande mechan yo ap pale byen fò. Yo fè
malè tonbe sou mwen. Yo move sou mwen, y'ap pèsekite
m'. 4 Mwen santi kè m' kase. Sezisman pran m' lè m' wè
mwen fin mouri. 5 Tout kò m' ap tranble tèlman mwen
sezi. 6 Mwen di konsa: -Pa pito m' te gen zèl tankou yon
toutrèl! Mwen ta vole ale. Mwen ta jwenn kote pou m' pran
repo. 7 Mwen ta kouri pati ale byen lwen. Mwen t'aval
rete pou kont mwen nan dezè a. 8 Mwen ta prese jwenn
yon kote pou m' kache pou gwo van an, pou gwo lapli a
pa fè m' anyen. 9 Seyè, mele yo. Fè yonn pa konprann
sa lòt ap di. Paske, sa m' wè nan lavil la se chen manje
chen, yonn ap goumen ak lòt. 10 Lajounen kou lannwit
se sa ase ou tande nan lavil la. Anndan lavil la menm,
se mechanste, se malfezans. 11 Kote ou pase se moun
k'ap kraze brize. Nan tout lari se fè moun lenjistis, se
twonpe moun. 12 Si se te yon moun ki rayi m' ki t'ap pale
m' mal, mwen ta reziyen m'. Si se te yon moun ki pa
vle wè m' ki te leve dèyè mwen, mwen ta kache kò m'
pou l' pa jwenn mwen. 13 Men, se ou menm, kanmarad
mwen, yon bon zanmi m' ki te konn tout ti zafè m'. 14
Nou te konn fè ti koze nou ansanm. Nou te konn al lakay
Bondye a ansanm ak foul moun yo. 15 Se pou yo rete
konsa, yo tonbe yo mouri. Se pou yo desann tou vivan
kote mò yo ye a, paske mechanste a kaye lakay yo, li
nan fon kè yo. **(Sheol h7585)** 16 Men, mwen rele Seyè a,
Bondye mwen; l'a delivre mwen. 17 Maten, midi, aswè,
m'ap plenyen, m'ap plenn. L'a tande vwa mwen. 18 L'a fè
m' viv ak kè poze, l'a delivre m' nan batay m'ap mennen
ak moun ki leve dèyè m' yo. Yo te mèt anpil. 19 Bondye
k'ap gouvènen depi tout tan an va koute m', l'a kraze
lògèy yo. Paske, yo p'ap janm chanje, yo pa gen krentif
pou Bondye. 20 Moun ki leve men sou zanmi yo se moun
ki trèt. 21 Pawòl nan bouch yo pi dous pase siwo. Men,
nan fon kè yo se yon sèl bagay yo konnen: se goumen.
Pawòl yo koule dous tankou lwil, men lang yo se razwa.
22 Renmèt sò ou nan men Seyè a, l'a kenbe ou fèm. Li
p'ap janm kite moun ki mache dwat devan li yo rete atè
lè yo tonbe. 23 Men ou menm, Bondye, w'ap fè bann
ansasen sa yo ak bann vòlè sa yo desann anba tè. Yo
p'ap wè mwatye nan lavi yo. Men, mwen menm, se nan
ou m'ap mete tout konfyans mwen.

56 Pou chèf sanba yo. Se pou yo chante sou lè chante
ki di: Pijon ki sou pye terebent byen lwen yo. Se
yon chante David te ekri lè moun Filisti yo te mete men
sou li nan lavil Gat. Bondye papa mwen! Gen pitye pou
mwen, paske mwen gen anpil moun k'ap pousib mwen.
Tout lajounen y'ap fè m' lagè, y'ap toumante mwen. 2
Tout lajounen lènmi m' yo ap pousib mwen. Se pa ti anpil
yo anpil, moun k'ap fè m' lagè yo. 3 Bondye ki anwo nan
syèl la, lè mwen pè, se nan ou mwen mete tout konfyans
mwen. 4 Mwen gen konfyans nan Bondye. M'ap fè lwanj
pawòl li. Mwen pa pè anyen. Kisa lèzòm ka fè m'? 5 Tout
lajounen y'ap manke m' dega. Se yon sèl lide yo gen nan
tèt yo: se fè mwen mal! 6 Yo mete tèt yo ansanm, yo
kache kò yo, y'ap veye tout vire tounen mwen. Y'ap tann

okazyon konsa pou yo touye m'. **7** Pa gen sove pou yo,
paske yo fè twòp. Lè ou an kòlè, Bondye, fè pèp yo vin ba
devan ou. **8** Ou konnen tout kouri kache mwen yo. Ou
konnen jan dlo koule nan je m'. Eske tout sa pa ekri nan
liv ou a? **9** Se poutèt sa lènmi m' yo gen pou kouri ale lè
m' rele ou. Mwen konnen Bondye pou mwen. **10** M'ap fè
lwanj pawòl Bondye. Wi, m'ap fè lwanj pawòl Seyè a. **11**
Mwen gen konfyans nan Bondye, mwen pa pè anyen.
Kisa lèzòm ka fè mwen? **12** O Bondye, m'ap ofri ou sa
mwen te pwomèt ou yo, m'ap ofri bèt pou yo touye pou ou
pou m' di ou mèsi. **13** Paske ou pa kite m' mouri, ou pa
kite m' bite, pou m' kapab mache devan ou nan mitan bèl
limyè k'ap klere moun k'ap viv pou ou yo.

57 Pou chèf sanba yo. Se pou yo chante sou lè chante
ki di: Pa detwi. Se yon chante David te ekri lè li te al
kache nan gwòt la pou Sayil ki t'ap kouri dèyè l'. Gen
pitye pou mwen, Bondye! -Gen pitye pou mwen! Paske,
se bò kote ou m'ap chache pwoteksyon. Se anba zèl ou
m'ap kache jouk lè danje a fin pase. **2** M'ap kriye nan pye
Bondye ki anwo nan syèl la, nan pye Bondye ki fè anpil
byen pou mwen an. **3** L'ap rete nan syèl la, l'ap delivre m'
anba men moun k'ap pèsekite m' yo. Bondye va fè m'
wè jan li renmen mwen, jan li toujou kenbe pawòl li. **4**
Mwen kouche nan mitan yon bann lyon ki prèt pou devore
mwen. Dan yo pwenti tankou flèch, tankou frenn, lang yo
tankou yon ponya byen file. **5** Bondye, fè wè nan syèl
la jan ou gen pouvwa non! Fè wè pouvwa ou sou tout
latè! **6** Lènmi m' yo tann yon pèlen sou wout kote pou m'
pase a. Kè m' sere anpil. Yo fouye yon twou sou wout
mwen. Men, se yo menm ki tonbe ladan li. **7** Bondye,
mwen pare, wi, mwen pare. Mwen pral chante, mwen
pral fè lwanj ou. **8** M'ap souke kò mwen, m'ap leve. M'ap
pran gita mwen, m'ap pran bandjo mwen. Mwen pral fè
solèy leve! **9** Seyè, m'a fè lwanj ou nan mitan pèp yo! M'a
chante pou ou nan mitan tout nasyon yo! **10** Ou renmen
nou anpil anpil, ou toujou kenbe pawòl ou. **11** Bondye, fè
wè nan syèl la jan ou gen pouvwa non! Fè wè pouvwa ou
sou tout latè!

58 Pou chèf sanba yo. Se pou yo chante sou lè chante
ki di: Pa detwi. Se yon chante David. Nou menm
ki reprezante Bondye, èske nou rann jistis la tout bon
vre? Nou menm lèzòm, èske nou jije san patipri? **2** Non!
Okontrè! Se move lide ase ki nan kè nou. N'ap plede fè
mechanste nan tout peyi a. **3** Malveyan yo pèvèti depi nan
vant manman yo. Moun k'ap bay manti yo gen madichon
depi yo fèt. **4** Yo gen yon pwazon nan bouch yo, tankou
pwazon sèpan. Yo pa pran priyè, yo tankou sèpan aspik,
5 ki fèmen zòrèy yo pou yo pa tande vwa moun k'ap
chante pou fè yo dòmi, menm lè moun yo gen bèl bèl
vwa. **6** Bondye, tanpri, kase dan nan bouch yo! Kase
kwòk dan jenn lyon yo, Seyè! **7** Se pou yo disparèt tankou
dlo lavalas k'ap koule desann. Se pou moun kraze yo
anba pye tankou zèb sou granchemen. **8** Se pou yo fonn
tankou mantèg nan solèy. Se pou yo pa janm wè solèy
tankou tibebe ki fèt tou mouri. **9** Anvan menm yo konnen
sa k'ap rive yo, se pou yo boule tankou raje. Bondye ap
fè kòlè, l'ap rache yo pandan yo tou vivan. **10** Moun ki
mache dwat devan Bondye gen pou yo kontan lè yo wè
jan yo pini mechan yo. Y'a lave pye yo nan san mechan
yo. **11** Lè sa a, moun va di: -Wi, sa vo lapenn pou moun
mache dwat devan Bondye. Wi, gen yon Bondye k'ap jije
moun sou latè.

59 Pou chèf sanba yo. Se pou yo chante l' sou menm
lè ak chante ki di: Pa detwi. Se yon chante David
te ekri lè Sayil te voye moun veye kay li pou touye l'.
Delivre m' anba lènmi m' yo, Bondye mwen! Pwoteje m'
pou moun k'ap leve dèyè m' yo pa jwenn mwen! **2** Delivre
m' anba malveyan yo! Sove m' anba ansasen sa yo! **3**
Yo mete anbiskad pou yo touye m'. Yon bann ansasen
ap fè konplo sou do mwen, san m' pa fè anyen ki mal,
san m' pa fè okenn fòt, Seyè. **4** Malgre mwen inonsan,
y'ap kouri, y'ap pare tann mwen! Leve non! vin bò kote
mwen! Gade yo! **5** Ou menm, Seyè, Bondye, ou menm ki
chèf lame zanj yo, ou menm ki Bondye pèp Izrayèl la,
leve non! vin pini moun lòt nasyon yo! Se pou ou san
pitye pou bann mechan sa yo k'ap trayi ou! **6** Chak swa,
yo tounen. Yo mache nan tout lavil la, y'ap jape tankou
chen. **7** Tande sa y'ap di! Tande jan y'ap pale! Lang nan
bouch yo, ou ta di se yon ponya! Y'ap di: Pa gen moun
k'ap tande nou! **8** Men ou menm, Seyè, ou pase yo nan
rizib! Ou pase tout nasyon yo nan jwèt. **9** Se ou ki tout
defans mwen, se sou ou mwen konte. Bondye, se bò kote
ou mwen jwenn pwoteksyon. **10** Bondye mwen, w'ap vin
kanpe bò kote m', paske ou renmen m'. W'ap fè m' wè
jan moun k'ap pèsekite m' yo ap fini mal. **11** Pa touye yo
pou moun pa m' yo ka chonje! Avèk pouvwa ou, fè yo
pa konn sa y'ap fè, fè yo tonbe. Seyè, se ou menm ki
tout pwoteksyon mwen. **12** Chak pawòl ki soti nan bouch
yo se yon peche. Se pwòp lògèy yo k'ap fini ak yo. Se
madichon ak manti ase k'ap soti nan bouch yo. **13** Lè ou
an kòlè, fini ak yo. Fini ak yo nèt, fè yo disparèt. Fè tout
moun konnen se Bondye k'ap gouvènen nan peyi Jakòb
la. Se li k'ap gouvènen toupatou sou latè. **14** Chak swa,
yo tounen. Y'ap jape tankou chen, y'ap mache nan tout
lavil la. **15** Y'ap moute desann, y'ap chache manje. Y'ap
plenn paske yo pa jwenn ase pou plen vant yo. **16** Men
mwen menm, m'ap chante pou m' di jan ou gen pouvwa.
Chak maten m'a fè lwanj ou pou m' di jan ou pa janm
sispann renmen nou. Paske, se ou ki tout defans mwen,
se bò kote ou mwen te jwenn pwoteksyon lè m' te anba
tray. **17** Wi, m'ap fè lwanj ou, ou menm ki tout defans
mwen. Se bò kot Bondye mwen jwenn pwoteksyon, bò
kot Bondye ki renmen m' lan.

60 Pou chèf sanba yo. Se pou yo chante sou menm
lè ak chante ki di: Bèl flè savann blan yo. Se yon
chante David te fè pou moutre moun anpil bagay. Li te
ekri l' lè li t'ap fè lagè ak moun Aram yo ki te soti nan peyi
Naarayen ak peyi Soba. Sa te rive aprè Joab te tounen

nan batay la pou l' te touye douz mil (12.000) moun peyi
Edon nan Fon Sèl la. Bondye, ou vire do ban nou. Ou
gaye nou toupatou. Ou te fache ak nou. Tanpri, fè nou
kanpe ankò! 2 Ou fè peyi a tranble, ou mete l' tèt anba.
Mete l' sou de pye l' ankò, paske li prèt pou tonbe nèt. 3
Ou kite pèp ou a pase anba kont tray li. Ou ba li bwè
yon bweson ki fè tèt li vire. 4 Ou bay moun ki gen krentif
pou ou yo yon drapo, pou lè batay la yo jwenn kote pou
yo kache. 5 Delivre nou ak pouvwa ou. Reponn nou lè
nou lapriyè nan pye ou, pou moun ou renmen anpil yo ka
jwenn delivrans. 6 Bondye rete kote ki apa pou li a, li
di: -Mwen kontan anpil. Mwen pral separe lavil Sichèm.
Mwen pral fè apantaj Fon Soukòt. 7 Peyi Galarad, se
pou mwen li ye. Peyi Manase tou. M'ap fè peyi Efrayim
tounen yon kas pou pwoteje tèt mwen. Peyi Jida, se baton
kòmandman mwen li ye. 8 Men m'ap fè peyi Moab sèvi m'
kivèt pou m' fè twalèt mwen. M'ap poze men m' sou peyi
Edon. Peyi Filisti a menm, m'ap mache pran li. 9 Ki moun
ki pou mennen m' nan lavil ki byen gade a? Ki moun ki
pou mennen m' lavil Edon? 10 Eske se pa ou menm,
Bondye, ki pou fè sa pou mwen, ou menm ki te vire do
ban nou, ou menm ki pa soti ansanm ak lame nou yo
ankò? 11 Tanpri, ede nou goumen kont lènmi nou yo,
paske sekou lèzòm se pawòl nan bouch. 12 Avèk Bondye
bò kote nou, n'a fè bèl bagay nan lagè. Se li menm k'ap
kraze lènmi nou yo anba pye l'.

61 Pou chèf sanba yo. Se sou enstriman akòd pou yo
jwe mizik la. Se yon sòm David. Bondye, tande jan
m'ap rele nan pye ou! Koute lè m'ap lapriyè ou! 2 Kè
m' kase, mwen lwen lakay mwen. M'ap rele ou. Tanpri,
mennen m' al chache pwoteksyon sou wòch kote mwen
pa ka rive a. 3 Paske, se ou k'ap pwoteje m', se ou k'ap
pran defans mwen kont lènmi m' yo. 4 Mwen ta renmen
pase tout lavi m' lakay ou. Mwen ta renmen rete kache
anba zèl ou. 5 Bondye, ou tande pwomès mwen fè. Ban
mwen sa ou bay tout moun ki respekte non ou lan. 6 Mete
kèk jou sou lavi wa a: Se pou l' viv lontan lontan ankò. 7
Se pou l' gouvènen tout tan devan Bondye. Bondye va fè
l' wè jan li renmen li, jan li toujou kenbe pawòl li: Bondye
va pwoteje l'. 8 Konsa, mwen p'ap janm sispann chante
pou ou. Chak jou m'a fè sa m' te pwomèt ou a.

62 Pou chèf sanba yo. Pou Yedoutoun. Se yon chante
David. Se sou Bondye sèlman mwen konte, se
li menm ki pou delivre mwen. 2 Se li menm ase k'ap
pwoteje m', k'ap delivre m'. Se li ki tout defans mwen. Li
p'ap janm kite anyen rive m'. 3 Kilè n'a sispann tonbe
ansanm sou do yon moun pou n' chache lage l' atè tankou
yon miray ki tou panche, tankou yon lantouraj k'ap tonbe?
4 Wi, yo pa gen lòt lide nan tèt yo pase fè l' pèdi gwo plas
kote li ye a. Yo pran plezi nan bay manti. Yo louvri bouch
yo pou mande benediksyon, men nan kè yo, se madichon
y'ap bay. 5 Wi, se sou Bondye ase pou m' konte. Se nan
li mwen mete tout espwa mwen. 6 Se li menm sèlman
k'ap pwoteje m', k'ap delivre m'. Se li ki tout defans mwen,
li p'ap janm kite anyen rive m'. 7 Se Bondye k'ap delivre
m'. Se li menm k'ap fè yo respekte m'. Se li menm ki tout
fòs mwen, l'ap pran defans mwen. Se li menm ki tout
pwoteksyon mwen. 8 Nou menm, pèp mwen, toujou mete
konfyans nou nan li! Louvri kè nou ba li, paske se li menm
ki tout nou. 9 Wi, moun pa anyen. Grannèg? Se pawòl
nan bouch. Mete yo ansanm nan balans, yo pa gen pèz.
Yo pi lejè pase van k'ap soufle a. 10 Pa mete konfyans
nou nan fè britalite. Pa mete nan tèt nou nou ka genyen
anyen nan vòlò. Lè nou wè n'ap fè lajan, pa kite l' pran
nanm nou. 11 An de fwa, men sa m' tande Bondye di: -Se
nan men m' pouvwa rete. 12 Wi, Seyè, ou gen bon kè,
paske w'ap bay chak moun sa yo merite dapre sa yo fè.

63 Se yon sòm David te ekri lè li te nan dezè peyi Jida
a. Bondye, se ou ki Bondye mwen. Jan m' anvi wè
ou! Jan m' ap tann ou sa a! Se tout kò m' k'ap mande pou
ou, tankou tè sèk nan solèy k'ap tann lapli. 2 Fè m' antre
kote ki apa pou ou nan kay ou a pou m' wè ou, pou m' wè
jan ou gen pouvwa, jan ou merite pou yo fè lwanj ou. 3
renmen ou gen pou nou an pi bon pase lavi. Se poutèt sa
m'ap fè lwanj ou. 4 Konsa m'a pase tout lavi m' ap di
ou mèsi; se ou menm sèlman m'a lapriyè. 5 M'ap fè fèt,
m'ap kontan tankou yon moun ki manje plen vant li yon
manje ki gen bon gou, ki gen kont grès li ladan l'. Wi, se
konsa kè m' ap kontan. M'ap louvri bouch mwen pou m' fè
lwanj ou. 6 Lè m' kouche sou kabann mwen, lide m' ap
travay sou ou. Tout lannwit se ou m'ap kalkile. 7 Paske se
ou ki tout sekou m', m'ap rete kache anba zèl ou, m'ap
chante sitèlman mwen kontan. 8 Mwen kole kò m' sou
ou, se pouvwa ou k'ap soutni mwen. 9 Men, moun k'ap
chache touye m' yo, yo gen pou yo desann kote mò yo
ye a. 10 Yo gen pou yo mouri nan lagè, chen mawon
gen pou manje kadav yo. 11 Men, Bondye ap fè kè wa a
kontan. Tout moun ki mete non l' devan va gen kè kontan
tou. Men, y'ap fèmen bouch moun k'ap bay manti yo.

64 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm David. Bondye,
tande non lè m'ap plenn! Pwoteje m' kont lènmi m'
k'ap fè m' pè yo. 2 Pwoteje m' anba konplo mechan yo,
anba gwo bann malveyan sa yo. 3 Lang yo file tankou
razwa. Pawòl ki soti nan bouch yo se pwazon. 4 Yo rete
kache, y'ap vize moun ki inonsan an. Yo tire sou li san li
pa atann. Yo pa pè fè anyen. 5 Yonn ap ankouraje lòt nan
fè sa ki mal. Y'ap rakonte jan yo mete pèlen pou lòt moun.
Y'ap plede di: Ki moun k'ap wè nou? 6 Y'ap fè move plan,
y'ap veye pou moun pa dekouvri yo. Sa ki nan kè yon
moun ak nan lide li se mistè. 7 Men Bondye ap tire flèch li
sou yo: Yo rete konsa, yo blese. 8 Se lang yo k'ap bat yo.
Tout moun ki wè yo ap pase yo nan betiz. 9 Lè sa a, tout
moun pral pè, y'a mache fè konnen sa Bondye fè. Y'a
egzaminen tou sa li fè. 10 Tout moun ki mache dwat yo
ap kontan tou poutèt sa Seyè a fè. Y'a jwenn pwoteksyon
anba zèl li. Tout moun ki viv jan Bondye vle l' la va fè
lwanj li.

65 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm David, se yon chante. Bondye, ou merite vre pou yo fè lwanj ou sou Mòn Siyon, se pou yo ba ou sa yo te pwomèt ou a. **2** Paske ou tande lè y'ap lapriyè ou. Tout moun ap vin nan pye ou, **3** pou rekonèt peche yo. Peche nou yo twòp pou nou. Men, w'ap efase yo. **4** Ala bon sa bon pou moun ou menm ou chwazi, pou moun ou menm ou rele bò kote ou! L'ap rete anndan lakay ou! N'ap plen vant nou ak bon bagay ki gen lakay ou, ak benediksyon ki nan kay ki apa pou ou a. **5** Bondye, ou menm k'ap delivre nou, w'ap reponn nou, paske ou pa nan patipri. w'ap fè bèl bagay pou nou. Moun toupatou sou latè, moun byen lwen lòt bò lanmè ap mete konfyans yo nan ou. **6** Avèk fòs ou, ou mete mòn yo kanpe nan plas yo. Ou fè wè jan ou gen anpil pouvwa. **7** Ou kase lanmè a lè l' move. Ou fè lanm lanmè yo sispann fè bri. Ou fè pèp yo rete trankil lè yo move. **8** Moun ki rete nan dènye bout latè a pran tranble lè yo wè bèl bagay ou fè yo. Depi sou bò solèy leve jouk sou bò solèy kouche ou fè moun rele sitèlman yo kontan. **9** Ou moutre jan ou pran swen latè: Ou voye lapli pou wouze l'. Ou fè l' donnen anpil. Larivyè Bondye toujou plen dlo. Ou pare yon bèl rekòt mayi. Men ki jan ou pran swen tè a: **10** Ou mete dlo nan kannal pou wouze jaden yo. Ou kase bit tè yo. Ou voye gwo lapli pou tè a bwè kont dlo li. Ou fè grenn yo jèmen. **11** Ala yon bèl rekòt ou ban nou lè lanne a fini! Tout kote ou pase gen abondans an kantite! **12** Jaden ki nan dezè a jwenn kont dlo yo. Ti mòn yo kontan. **13** Jaden yo plen zannimo. Jaden mayi kouvri tout fon yo. Fon yo kontan, y'ap chante sitèlman yo kontan.

66 Pou chèf sanba yo. Chante sa a se yon sòm li ye. Nou tout ki rete sou latè, rele ak kè kontan pou Bondye! Fe fèt pou fè lwanj Bondye! **2** Chante pouvwa Bondye! Fè gwo fèt pou fè lwanj li! **3** Di Bondye: -Sa ou fè yo se bagay ki pou fè moun respekte ou. Ou sitèlman gen pouvwa, lènmi ou yo ap flate ou. **4** Tout moun ki rete sou latè ap adore ou. Y'ap chante pou ou, y'ap chante pou sa ou fè. **5** Vini non! Al gade sa Bondye fè! Li fè bagay ki pou fè moun sou latè respekte li. **6** Li fè fon lanmè a tounen tè sèk: Zansèt nou yo travèse rivyè a san pye yo pa mouye. Ann fè kè nou kontan pou sa li te fè! **7** Avèk fòs kouraj li l'ap dominen pou tout tan. L'ap gade tout sa nasyon yo ap fè. Si gen moun ki vle fè rebèl, pito yo pa leve tèt yo? **8** Nou menm pèp yo, di Bondye mèsi! Fè tout moun tande jan n'ap fè lwanj li! **9** Se li menm ki ban nou lavi. Li pa kite pye nou glise. **10** Bondye, ou te fè nou pase anba tray pou ou te wè kote nou ye. Wi, menm jan yo pase lò nan dife pou wè si li bon, se konsa ou te fè nou pase anba tray. **11** Ou te kite nou tonbe nan pèlen an. Ou te mete yon chay lou sou do nou. **12** Ou kite nenpòt moun ap pase nou lòd. Nou pase nan dife, nou pase nan gwo dlo. Men, ou wete nou nan tout move pa, ou delivre nou. **13** M'a vin lakay ou ak bèt pou yo boule pou ou, m'a ofri ou sa mwen te pwomèt ou a. **14** M'a kenbe pawòl mwen te di lè m' te nan tray la. **15** M'a ofri mouton byen gra pou yo boule pou ou sou lotèl la, ansanm ak odè vyann y'ap boukannen pou ou. Wi, m'a ofri ou towo bèf ak bouk kabrit. **16** vin koute non, nou tout ki gen krentif pou Bondye. M'a di nou sa Bondye fè pou mwen. **17** Mwen rele nan pye l', mwen te deja pare pou m' te fè lwanj li. **18** Si mwen te gen move lide nan tèt mwen, Seyè a pa ta koute sa m' t'ap di l' la. **19** Men Bondye te koute sa m' t'ap di l' la, li te tande m' lè m' t'ap lapriyè. **20** Lwanj pou Bondye! Mèsi Bondye! Ou pa t' kite m' lapriyè pou gremesi. Ou pa t' refize fè m' wè jan ou gen bon kè.

67 Pou chèf sanba yo. Se sou enstriman akòd pou yo jwe mizik la. Sòm sa a se yon chante. Tanpri, Bondye, gen pitye pou nou! Voye benediksyon ou sou nou! Fè nou santi ou la avèk nou, **2** pou tout moun sou latè ka konnen sa ou vle, pou tout lòt nasyon yo ka konnen se ou ki delivre lèzòm. **3** Se pou tout pèp sou latè fè lwanj ou, Bondye. Wi, se pou tout pèp sou latè fè lwanj ou. **4** Se pou tout nasyon yo fè kè yo kontan. Se pou yo chante tèlman yo kontan, paske ou jije pèp yo san patipri, ou dirije tout nasyon ki sou latè. **5** Se pou tout pèp sou latè fè lwanj ou, Bondye. Wi, se pou tout pèp sou latè fè lwanj ou. **6** Latè bay rekòt. Bondye ki Bondye nou an te voye benediksyon li sou nou. **7** Wi, Bondye te voye benediksyon li sou nou. Se pou tout moun toupatou sou latè gen krentif pou li.

68 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm David. Se yon chante. Lè Bondye kanpe, lènmi l' yo gaye, moun ki rayi l' yo kouri lè l' parèt. **2** Menm jan lafimen disparèt nan lè a, se konsa w'ap disparèt yo. Menm jan lasi fonn nan dife, se konsa mechan yo gen pou yo mouri devan Bondye. **3** Men moun ki mache dwat yo ap kontan, y'ap fè fèt devan Bondye. Y'ap kontan anpil anpil. **4** Chante pou Bondye, fè fèt pou li. Louvri chemen nan laplenn lan bay moun k'ap vini an. Se Seyè ki non li. Fè kè nou kontan lè li parèt devan nou. **5** Bondye rete nan kay ki apa pou li a, li sèvi papa pou timoun ki san papa yo, li pwoteje vèv yo. **6** Moun ki san fanmi yo, li ba yo fanmi. Li fè prizonye yo soti nan prizon, li fè kè yo kontan. Men, pou moun k'ap kenbe tèt avè l' yo, y'ap rete nan prizon. **7** O Bondye, lè ou t'ap mache alatèt pèp ou a, lè ou t'ap travèse dezè a, **8** tè a te pran tranble, lapli te pran tonbe soti nan syèl la devan Bondye. devan Bondye mòn Sinayi a, wi, devan Bondye pèp Izrayèl la. **9** Bondye, ou fè lapli tonbe an kantite sou latè. Ou ba li fòs ankò, paske li te fin pèdi tout grès li. **10** Pèp ou a moute kay li nan peyi ou pare pou pòv malere yo, paske ou gen bon kè. **11** Seyè a bay lòd, epi yon bann fanm pran gaye nouvèl la: **12** Wa yo kouri, yo kouri ansanm ak tout lame yo. Moun yo te kite pou veye kay separe tout sa lènmi yo kite dèyè. **13** Lè nou rete kouche nan pak mouton yo zèl pijon an klere tankou ajan. Plimaj li jòn tankou lò. **14** Lè Bondye ki gen tout pouvwa a te gaye wa yo nan peyi a, li te fè lanèj kouvri mòn Salmon. **15** Ala yon gwo mòn ki wo se mòn Bazan! Se yon mòn ki gen anpil tèt, mòn Bazan an! **16** Poukisa, ou menm mòn ki gen anpil tèt la, w'ap fè jalouzi pou mòn Bondye chwazi

pou fè kay pou l' rete a? Se la Seyè a ap rete pou tout
tan. 17 Seyè a gen anpil cha! Li moute sou yo. Li soti
mòn Sinayi pou li al kote ki apa pou li a. 18 Ou moute
anwo, ou mennen anpil prizonye ale avè ou. Yo fè ou
kado anpil moun, menm moun ki te leve dèyè ou yo. 19
Ann fè lwanj Seyè a chak jou! Li pote chay nou pou nou:
Se li ki Bondye nou, se li ki delivre nou. 20 Bondye sa a
se Bondye delivrans nou! Seyè a, Bondye nou an, ap
wete nou nan bouch twou a. 21 Bondye gen pou l' kraze
tèt lènmi li yo. Wi, li gen pou l' kraze zo bwa tèt moun k'ap
viv nan peche. 22 Seyè di: -M'ap fè lènmi yo tounen soti
nan peyi Bazan. M'ap fè yo tounen soti nan fon lanmè a.
23 pou ou ka mache nan san yo, pou chen ou yo ka jwenn
pa yo nan lènmi ou yo. 24 Bondye, tout moun wè jan y'ap
fè fèt pou ou. Yo wè ki jan Bondye mwen an, wa mwen
an, ap mache antre kote ki apa pou li a. 25 Moun k'ap
chante ap mache devan, mizisyen yo dèyè. Jenn fi yo nan
mitan, y'ap bat tanbouren. 26 Fè lwanj Bondye nan mitan
pèp la lè l' reyini. Fè lwanj li, nou tout pitit pitit Izrayèl yo!
27 Benjamen, ki pi piti a, vin alatèt yo. Apre li, vini chèf
peyi Jida yo ak lame yo. Apre yo, vini chèf peyi Zabilon ak
chèf peyi Neftali yo. 28 Bondye, fè wè pouvwa ou non!
Wi, fè wè pouvwa ou te sèvi pou nou an! 29 Rete nan
tanp ou a lavil Jerizalèm, kote wa yo ap pote kado ba ou.
30 Fè bèt ki rete anba wozo yo pè, fè bann towo bèf ak
jenn ti towo yo pè tou, jouk y'a vin soumèt devan ou, jouk
y'a vin ofri ajan ba ou. Wi, moun sa yo ki renmen batay,
gaye yo! Fè yo kouri! 31 Grannèg ap soti nan peyi Lejip,
moun peyi Letiopi ap louvri bra yo pou lapriyè Bondye. 32
Nou menm chèf peyi latè yo, chante pou Bondye! Chante
pou fè lwanj Seyè a, 33 pou Bondye k'ap kouri chwal li
nan syèl la, nan syèl ki la depi lontan lontan an. Tande jan
l'ap rele, jan l'ap rele byen fò. 34 L'ap di: -Rekonèt jan
Bondye gen pouvwa! L'ap dominen sou pèp Izrayèl la.
Syèl la fè nou konnen jan li gen pouvwa. 35 Bondye chita
kote ki apa pou li a, li fè tout moun respekte l'. Bondye
pèp Izrayèl la bay pèp li a fòs ak kouraj. Di Bondye mèsi!

69 Pou chèf sanba yo. Se pou yo chante l' sou menm
lè ak chante ki di: Bèl flè savann blan yo. Se yon
sòm David. Delivre m' non, Bondye. Dlo prèt pou neye
mwen. 2 M'ap desann nan fon yon ma labou. Mwen pa ka
pran pye. Mwen nan yon gwo basen byen fon. Dlo prèt
pou kouvri tèt mwen. 3 Mwen bouke rele, mwen pa kapab
ankò. Gòj mwen ap fè mwen mal. Je m' yo ap boule m'
sitèlman m'ap veye tann sekou Bondye mwen an. 4 Gen
yon bann moun ki rayi m' san m' pa fè yo anyen. Yo pi plis
pase cheve nan tèt mwen. Gen yon seri moun ki rete
konsa yo fè m' lènmi, yo pi fò pase m', y'ap chache touye
mwen. Yo fè m' renmèt sa m' pa pran. 5 Bondye, mwen
pa kapab kache peche m' yo devan ou. Ou konnen jan
m' te aji tankou moun fou. 6 Seyè, Bondye ki gen tout
pouvwa a, pa kite m' tounen yon wont pou moun ki mete
konfyans yo nan ou. Ou menm ki Bondye pèp Izrayèl la,
pa kite m' fè moun k'ap sèvi ou yo wont. 7 Se poutèt ou
y'ap joure m' konsa. Wi, se poutèt ou lawont fè m' kache
figi m'. 8 Mwen tounen yon etranje pou pwòp frè m' yo,
yon moun deyò pou pwòp pitit manman m' yo. 9 Mwen
sitèlman renmen kay ou a, sa fè m' santi se tankou yon
dife k'ap boule tout anndan mwen. Tout joure y'ap joure ou
yo, se tankou si se mwen menm menm yo t'ap joure. 10
Mwen nan gwo lapenn, mwen rete san manje. Se poutèt
sa wi y'ap joure m' konsa. 11 Si m' mete yon rad sak sou
mwen pou m' mande ou padon, y'ap pase m' nan rizib. 12
Yo chita bò pòtay lavil la, y'ap pale sou mwen, bwèsonyè
yo ap fè chante sou mwen. 13 Men mwen menm, se ou
menm m'ap toujou lapriyè. Reponn mwen, Bondye, lè w'a
wè l' nesesè, paske ou gen bon kè, paske w'ap toujou
pote m' sekou. 14 Wete m' nan ma labou sa a. Pa kite m'
desann pi fon ladan li. Delivre m' anba lènmi m' yo. Wete
m' nan gwo basen byen fon an. 15 Pa kite dlo yo kouvri
tèt mwen ankò. Pa kite m' neye nan gwo lantonwa a. Pa
kite bouch twou a fèmen sou mwen. 16 Reponn mwen,
Seyè, paske ou p'ap janm sispann renmen m'. Voye je
ou gade mwen, paske ou gen kè sansib. 17 Pa vire do
ou bay sèvitè ou. Prese vin reponn mwen, paske mwen
nan gwo traka. 18 vin jwenn mwen, vin delivre mwen.
Wete m' nan men lènmi mwen yo. 19 Ou konnen jan y'ap
joure mwen, jan y'ap fè m' wont, jan y'ap trennen m' nan
labou. Ou wè tout moun k'ap pèsekite m' yo. 20 Yo di m'
gwomo jouk yo kraze kouraj mwen. Mwen santi se mouri
m'ap mouri. Mwen te kwè ta gen moun ki ta gen pitye pou
mwen, men pesonn pa vini. Mwen te kwè ta gen moun ki
ta vin konsole m', pesonn pa parèt. 21 Yo mete pwazon
nan manje mwen. Lè m' mande dlo pou m' bwè, se vinèg
yo ban mwen. 22 Se pou resepsyon y'ap fè yo tounen yon
pèlen pou yo. Lè yo konprann zafè yo pi bon, se lè sa
a pou malè tonbe sou yo. 23 Se pou je yo bouche pou
yo pa wè menm! Kase ren yo pou yo pa ka kanpe dwat
ankò! 24 Mete ou an kòlè sou yo! Fè yo santi jan ou fache
sou yo! 25 Se pou kay yo rete san moun. Se pou pa gen
yon moun lakay yo ki rete vivan ankò. 26 Paske yo te
pèsekite moun ou t'ap pini an. Y'ap pwonmennen rakonte
soufrans moun ou blese a. 27 Kite yo mete sou sa yo fè
deja. Se pou ou san pitye pou yo. 28 Efase non yo nan liv
ki gen non moun ki gen lavi a. Pa mete non yo ak non
moun k'ap sèvi ou yo. 29 Mwen nan gwo lapenn, m'ap
soufri. Bondye, pote m' sekou. Mete m' sou de pye m'
ankò. 30 M'a chante pou Bondye, m'a fè lwanj li. M'a di l'
mèsi, m'a fè konnen jan li gen pouvwa. 31 Sa va fè Seyè
a plezi pi plis pase si m' ta ofri l' yon bèf, pase si m' ta ba
li yon jenn towo bèf ki fin fè kòn. 32 Lè malere yo va wè
sa, y'a kontan. Se va yon gwo ankourajman pou moun
k'ap sèvi Bondye yo. 33 Seyè a koute lè pòv yo ap lapriyè
nan pye l'. Li pa bliye moun pa l' yo lè yo nan prizon. 34
Se pou syèl la ansanm ak latè a, lanmè a ansanm ak tout
sa ki ladan li fè lwanj Bondye. 35 L'a delivre peyi Siyon.
L'a rebati lavil peyi Jida yo. Pèp li va bati kay yo la ankò.
Y'a pran tè a pou yo. 36 Pitit pitit sèvitè l' yo va eritye peyi
a. Se la moun ki renmen l' yo va viv.

70 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm David. Pou Bondye
pa bliye nou. Delivre m' non, Bondye! Prese vin
pote m' sekou, Seyè! **2** Moun k'ap chache touye m' yo,
se pou yo wont, se pou yo pa ka leve tèt yo. Moun ki
anvi wè malè rive mwen, se pou yo renka kò yo, se pou
yo wont. **3** Moun k'ap lonje dwèt sou mwen yo, se pou
sezisman pran yo sitèlman yo wont. **4** Men, tout moun ki
vin jwenn ou, se pou yo kontan, se pou yo fè fèt. Tout
moun ki renmen jan ou delivre yo a, se tout tan pou yo di:
Bondye gen gwo pouvwa! **5** Pou mwen menm, se yon
pòv malere san sekou mwen ye. Men ou menm, prese
vin delivre m'! Se ou ki tout sekou mwen, se ou ki tout
delivrans mwen. Prese non, Seyè!

71 Seyè, se nan ou mwen mete tout konfyans mwen!
Pa janm kite m' wont! **2** Ou se yon jij ki pa nan
patipri. Tanpri, sove m' non, delivre mwen. Panche zòrèy
ou bò kote m'. Pote m' sekou! **3** Se ou menm ki twou wòch
kote pou m' kache. Se ou menm ki pou sèvi m' ranpa ki
pou sove mwen. Se ou menm k'ap pwoteje mwen. Se ou
menm k'ap pran defans mwen. **4** Bondye mwen, wete m'
anba men mechan yo, anba ponyèt moun k'ap bay manti
yo ak moun k'ap fè mechanste yo. **5** Seyè, se ou menm ki
tout espwa mwen. Mwen mete konfyans mwen nan ou
depi lè m' te jenn gason. **6** Se sou ou mwen konte depi m'
fèt. Se ou ki fè m' soti nan vant manman m'. Se tout tan
m'ap fè lwanj ou. **7** Lavi m' se yon mistè pou anpil moun.
Men, se ou menm k'ap pwoteje m' ak tout fòs ou. **8** Tout
lajounen lwanj ou nan bouch mwen. M'ap fè konnen jan
ou gen pouvwa. **9** Koulye a mwen fin granmoun, tanpri pa
voye m' jete. Koulye a mwen fin pèdi fòs, pa lage m'. **10**
Lènmi m' yo ap pale m' mal. Yo mete tèt yo ansanm, yo
dèyè pou yo touye m'. **11** Y'ap plede di: -Bondye lage l'.
Kouri dèyè l', kenbe l', paske pa gen moun pou delivre l'.
12 Bondye, pa rete lwen mwen. Bondye mwen, prese vin
pote m' sekou. **13** Se pou moun k'ap atake m' yo wont, se
pou yo disparèt. Wi, se pou yo wont, se pou moun pase
yo nan rizib, moun sa yo ki te vle wè malè rive mwen. **14**
M'ap toujou mete espwa mwen sou ou. M'ap fè lwanj ou
tout tan tout tan. **15** M'ap fè konnen jan ou san patipri.
Tout lajounen m'a fè konnen jan ou delivre mwen, paske
se bagay moun p'ap janm fin konprann. **16** Seyè, Bondye,
m'a rakonte bagay ou fè avèk pouvwa ou. M'a fè chonje
jan ou fè lèzòm gras. Se ou menm sèlman ki ka fè bagay
konsa. **17** Bondye, depi lè m' te jenn gason w'ap aprann
mwen anpil bagay. Jouk koulye a m'ap rakonte bèl bagay
ou fè yo. **18** Koulye a mwen fin vye granmoun, tout cheve
nan tèt mwen fin blan. Tanpri, Bondye, pa lage m'. Kanpe
la avè m' pou m' ka fè moun k'ap viv koulye a konnen jan
ou gen fòs, pou m' ka fè tout moun ki gen pou vin apre
yo konnen jan ou vanyan, **19** jan jistis ou rive jouk nan
syèl la. Bondye, ou fè bèl bagay. Pa gen tankou ou! **20**
Ou voye traka ak soufrans ban nou. Men se ou k'ap ban
nou lavi ankò. W'ap rale nou soti nan bouch twou a. **21**
W'ap fè m' pi grannèg pase jan m' te ye a. W'ap konsole
m' ankò. **22** Se vre wi, m'a fè lwanj ou avèk kout gita.
M'a fè lwanj ou, Bondye mwen, paske w'ap toujou kenbe
pawòl ou. M'a chante, m'a jwe mizik sou gita mwen pou
Bondye pèp Izrayèl la. **23** M'a chante pou ou. M'a rele
sitèlman mwen kontan. M'a chante ak tout kè m' paske ou
te delivre m'. **24** Tout lajounen m'a fè konnen jan ou pa
nan patipri, paske moun ki te vle wè malè rive m' yo gen
pou yo wont. Yo p'ap konn sa pou yo fè.

72 Se yon sòm Salomon. Bondye, moutre wa a jan
pou l' dirije tankou ou! Bay pitit wa a pouvwa pou l'
gouvènen jan ou vle l' la! **2** Konsa, l'a gouvènen pèp ou a
san patipri, l'a gouvènen malere ou yo jan sa dwe fèt. **3**
Nan tout mòn peyi a, moun va viv byen yonn ak lòt. p'ap
gen lenjistis nan okenn ti mòn peyi a. **4** Wa a va defann
kòz malere ki nan peyi a. L'a wete pitit pòv malere yo nan
mizè yo ye a. L'a kraze moun k'ap peze pèp la. **5** Se pou
l' viv lontan, tout tan va gen solèy ak lalin pou bay limyè.
Wi, se pou li viv tout tan tout tan. **6** Se pou wa a tankou
lapli k'ap tonbe nan jaden, tankou gwo lapli k'ap wouze tè
a. **7** Sou reny li, ap gen jistis toupatou. Tout moun va viv
byen yonn ak lòt tout tan va gen lalin pou bay limyè. **8**
L'ap gouvènen depi yon lanmè jouk nan lòt lanmè a, depi
larivyè Lefrat jouk nan dènye bout latè a. **9** Moun ki rete
nan dezè a pral soumèt devan li, lènmi l' yo pral manje
pousyè. **10** Wa peyi Tasis ak wa zile yo va vin ofri l' kado.
Wa peyi Saba ak wa peyi Seba va pote kado ba li. **11** Wa
tout lòt peyi yo va soumèt devan li. Tout lòt peyi yo va sèvi
l'. **12** L'a delivre pòv yo lè yo rele nan pye li. L'a delivre
tout malere ki san sekou. **13** L'a gen pitye pou pòv malere
yo. L'a sove lavi tout moun ki nan bezwen. **14** L'a delivre
yo anba men moun k'ap peze yo, anba men moun k'ap fè
yo mechanste. Lavi moun sa yo gen anpil valè pou li! **15**
Se pou wa a viv lontan! Y'a ba li lò ki soti nan peyi Saba.
Y'a toujou lapriyè pou li. Y'a mande pou Bondye beni li
chak jou. **16** Se pou jaden kouvri tout peyi a, jouk sou tèt
mòn yo. Se pou yo donnen tankou jaden peyi Liban. Se
pou lavil yo plen moun tankou zèb k'ap pouse nan jaden.
17 Se pou yo pa janm bliye non li. Toutotan va gen solèy
pou klere tè a, se pou y'ap nonmen non li. Se pou tout
nasyon fè lwanj li. Se pou tout moun mande Bondye pou
l' beni yo menm jan li beni wa a. **18** Fè lwanj Seyè a,
Bondye pèp Izrayèl la. Se li menm sèl ki ka fè bèl mèvèy
sa yo. **19** Fè lwanj li pou gwo pouvwa li. Se pou toupatou
sou latè yo rekonèt gwo pouvwa li. Wi, se vre! Amèn! **20**
Avèk sòm sa a, nou fini ak lapriyè David, pitit Izayi a, te
fè.

73 Se yon sòm Asaf. Wi, Bondye bon pou pèp Izrayèl
la, pou moun ki pa gen move bagay sou konsyans
yo. **2** Men, pye m' glise, li manke chape, ti kras mwen
tonbe, **3** paske mwen te anvye sò moun k'ap fè grandizè
yo lè mwen te wè jan mechan yo alèz. **4** Yo pa gen
pwoblèm, yo pa malad, yo byen gra. **5** Yo pa soufri sa lòt
moun ap soufri. Yo pa gen pwoblèm lòt yo genyen. **6** Yo
pran pòz pa kanmarad pesonn, y'ap plede bat moun. **7**

Kè yo plen mechanste. Yo plen move plan nan tèt yo. **8** Y'ap pase lòt moun nan rizib, y'ap pale move pawòl. Yo awogan, y'ap plede mache di jan y'ap kraponnen moun. **9** Yo pale Bondye ki anwo nan syèl la mal, y'ap bay tout lòt moun lòd avèk awogans. **10** Se konsa, menm pèp Bondye a fè bann ak yo, yo vale tou sa yo di yo san di yon mo. **11** Epi yo di: -Ki jan pou Bondye fè konnen? Moun ki anwo nan syèl la, ki bò l' ta pase pou li konnen? **12** Wi, men ki jan mechan yo ye: Yo toujou alèz, y'ap anpile richès sou riches. **13** Nan kondisyon sa a, gen lè se pou gremesi mwen kenbe kò m' pou m' pa fè move bagay? Se pou gremesi mwen refize mete men m' nan move zafè? **14** Se tout lajounen, Bondye, w'ap fè m' soufri. Chak maten, ou la pou pini mwen. **15** Si m' di nan kè m': Bon, m'ap pale tankou mechan yo! Si m' fè sa, se trayi mwen ta trayi moun k'ap sèvi ou yo. **16** Se konsa mwen kalkile anpil pou m' konprann bagay sa a. Men, se pa t' bagay fasil menm pou mwen, **17** jouk lè mwen te al antre lakay ou, pou m' wè jan mechan yo gen pou yo fini. **18** Wi, ou mete yo sou yon chemen glise, ou fè yo tonbe, epi yo fini. **19** Kisa ou konprann? Anvan ou bat je ou yo fini, yo disparèt sitèlman yo pè. **20** Seyè, yo tankou yon rèv pou ou. Leve ou leve, ou bliye sa. **21** Lè sa a, mwen santi m' dekouraje; sa te fè m' mal anpil. **22** Mwen te sòt, mwen pa t' konprann anyen. Mwen te tankou yon bèt devan ou. **23** Mwen menm, mwen toujou la avèk ou, ou kenbe men m' pou m' pa tonbe. **24** Ou ban m' konsèy pou m' pa pèdi chemen m'. Lèfini, ou resevwa m' lakay ou. **25** Se ou menm sèl mwen gen nan syèl la. Mwen pa gen lòt. Se ou ki tout plezi m' sou latè. **26** Kò m' te mèt ap deperi, lespri m' te mèt ap gaga, se ou menm menm, Bondye, ki tout fòs mwen, se ou menm ki tout mwen. **27** Se vre wi, moun ki vire do ba ou pral mouri, w'ap fini nèt ak moun ki pa kenbe pawòl yo gen avè ou. **28** Mwen menm, sa bon nèt pou m' rete bò kot Bondye: Se nan Seyè a mwen jwenn pwoteksyon. M'a fè konnen tou sa li fè.

74 Se yon chante Asaf. Bondye, poukisa ou lage nou nèt konsa? Poukisa ou an kolè konsa sou moun pa ou yo, sou mouton ki nan savann ou yo? **2** Pa bliye pèp ou te chwazi depi nan tan lontan an, pèp ou te achte pou ou te fè yo tounen moun pa ou! Pa bliye mòn Siyon kote ou te chwazi pou rete a! **3** vin wè sa ki rete apre ravaj la! Lènmi nou yo fin kraze dènye bagay nan kay ki apa pou ou a. **4** Moun ki pa vle wè ou yo, yo kanpe nan mitan kote pèp ou konn reyini an, y'ap rele byen fò. Yo wete tou sa ki nan tanp lan, yo mete drapo pa yo. **5** Yo tankou moun k'ap voye kout rach pou koupe pyebwa nan yon gwo rak. **6** Yo kraze bout bèl panno bwa byen travay ki te nan tanp lan, anba kout rach ak kout mato. **7** Yo mete dife nan kay ki apa pou ou a, yo derespekte kote yo fè sèvis pou ou a, yo kraze l' vide atè. **8** Nan kè yo yo te di: Ann kraze yo tout yon sèl kou! Yo boule tout kote ki te apa pou Bondye nan peyi a! **9** Tout bèl bagay ki te nan tanp lan disparèt. Pa gen pwofèt ankò. Pesonn pa konnen kilè sa va chanje. **10** Bondye, kilè moun k'ap pile nou anba pye yo va sispann joure? Gen lè lènmi yo p'ap janm gen respè pou non ou? **11** Poukisa ou derefize ede nou? Poukisa ou rete kanpe ap gade, de bra ou kwaze? **12** Men, Bondye, se ou ki wa nou depi nan tan lontan. Ou fè nou genyen anpil batay sou latè. **13** Se avèk pouvwa ou ou te fann lanmè a. Se avè l' ou te kraze tèt gwo bèt lanmè yo. **14** Se ou ki kraze tèt levyatan an, lèfini, ou fè bèt k'ap viv nan dezè a manje l'. **15** Ou te fè sous dlo pete, ou fè larivyè koule. Ou fe gwo larivyè rete konsa yo chèch. **16** Ou fè lajounen, ou fè lannwit. Se ou ki mete lalin lan ak solèy la nan plas yo. **17** Se ou ki fikse limit tè a. Se ou ki fè sezon chalè ak sezon fredi. **18** Seyè, pa bliye jan lènmi ou yo ap pase ou nan rizib. Se yon bann moun san konprann ki pa gen respè pou non ou! **19** Pa lage pèp ou nan men lènmi l' yo tankou toutrèl devan malfini. Pa bliye moun pa ou yo ki nan mizè nèt. **20** Chonje kontra ou te siyen avèk yo a! Paske, nan tout ti kwen peyi a, nan tout mòn yo se ansasen. **21** Pa kite moun y'ap peze yo wont! Fè pou pòv malere yo ka fè lwanj ou. **22** Leve non, Bondye! Defann kòz ou! Pa bliye jan moun fou sa yo ap joure ou tout lajounen! **23** Pa bliye jan lènmi ou yo ap rele byen fò! Pa bliye jan moun ki pa vle wè ou yo ap fè eskandal san rete.

75 Pou chèf sanba yo. Se pou yo chante l' sou menm lè ak chante ki di: Pa detwi. Sòm Asaf sa a se yon chante li ye. N'ap fè lwanj ou, Bondye! N'ap fè lwanj ou! Se tout tan n'ap nonmen non ou! N'ap fè konnen bèl mèvèy ou fè yo! **2** Bondye di: -Mwen fikse yon dat pou jijman an. Lè sa a, m'a jije jan sa dwe fèt. **3** Nou te mèt wè latè a ansanm ak tout sa k'ap viv sou li yo pran tranble, m'ap kenbe fondasyon li yo byen fèm. **4** M'ap di moun k'ap fè grandizè yo: Sispann gonfle lestonmak nou! M'ap di mechan yo: Sispann fè awogans! **5** Pa gonfle lestonmak nou konsa! Pa fè awogans konsa sou Bondye ki anwo nan syèl la! **6** Jijman an pa soti bò kote solèy leve a, ni bò kote solèy kouche a. Li pa soti nan nò ni nan sid. **7** Non. Se Bondye k'ap jije: L'ap bese yonn, l'ap leve yon lòt. **8** Seyè a kenbe yon gode nan men l'. Gode a plen divès kalite tranpe ki fèt ak diven. L'ap vide diven bay tout mechan ki sou latè, y'ap bwè, y'ap bwè san yo pa kite yon ti tak. **9** Mwen menm, mwen p'ap janm sispann nonmen non Bondye Jakòb la. Mwen p'ap janm sispann chante pou fè lwanj li. **10** L'a kraze fòs kouraj mechan yo. Men, l'ap bay moun ki mache dwat yo plis kouraj ankò!

76 Pou chèf sanba yo. Se sou enstriman akòd pou yo jwe mizik la. Sòm Asaf sa a, se yon chante li ye. Yo konnen ki moun Bondye ye nan tout peyi Jida. Se tout moun k'ap nonmen non l' nan peyi Izrayèl. **2** Li gen kay li lavil Salèm, li rete sou mòn Siyon. **3** Se la li te kase flèch yo, se la li te kase zam yo gen pou defann yo, ak zam yo gen pou atake. Wi, li kase tout zam moun sèvi pou fè lagè. **4** Gade jan ou gen pouvwa, Bondye! Gade jan w'ap mache tèt wo, lè w'ap desann soti nan mòn kote ou te kraze lènmi ou yo! **5** Sòlda ki te gen anpil kouraj nan lagè

pèdi tout zafè yo. Koulye a y'ap dòmi nèt, yo mouri. Pa
gen yonn nan vanyan gason sa yo ki te ka defann tèt yo.
6 Aa, Bondye Jakòb! Depi ou fè va sou yo, ni kavalye ni
chwal, yo tout yo tonbe, yo mouri frèt. 7 Men ou menm,
ou fè moun respekte ou! Kilès ki ka rete kanpe devan ou
lè ou an kòlè? 8 Ou rete nan syèl la, ou fè konnen jan
w'ap jije. Tout moun ki sou latè rete dousman tèlman yo
pè, 9 lè Bondye leve pou bay santans li, pou l' delivre tout
malere y'ap peze sou tè a. 10 Menm lè lèzòm an kòlè, sa
sèvi yon lwanj pou ou. Moun ou sove anba lanmò va fè
fèt pou ou. 11 Fè pwomès ou bay Seyè a ki Bondye, epi
kenbe pawòl ou. Nou menm, tout nasyon ki bò kote l' yo,
pote kado bay Bondye ki fè moun respekte l' la. 12 Li
kraze lògèy chèf yo, li fè wa latè yo respekte l'.

77 Pou chèf sanba yo. Pou Jedoutoun. Se yon sòm
Asaf. Mwen rele byen fò nan pye Bondye. Wi, mwen
rele nan pye Bondye, li koute mwen. 2 Lè mwen nan
tray, mwen lapriyè nan pye Seyè a. Tout lannwit m'ap
lapriyè san rete, mwen pa ka jwenn konsolasyon. 3 Mwen
chonje Bondye, m'ap plenn! M'ap kalkile, mwen santi m'
dekouraje! 4 Ou fè m' rete je klè, mwen sitèlman boulvèse,
mwen pa ka pale. 5 M'ap chonje tan lontan, wi, m'ap
chonje lanne pase anwo yo. 6 Mwen pase nwit ap repase
chante yo, m'ap kalkile anpil nan kè m', m'ap egzaminen,
m'ap di: 7 Eske Seyè a voye m' jete nèt? Eske li p'ap
janm kontan avè m' ankò? 8 Eske Bondye pa gen bon kè
ankò? Eske li p'ap kenbe pawòl li ankò? 9 Eske Bondye
bliye gen pitye? Eske lè li ankòlè li pa pran priyè? 10 Apre
sa mwen di: Men sak fè m' pi mal ankò! Gen lè Bondye ki
anwo nan syèl la pa menm jan an ankò? 11 Seyè, m'a
rakonte gwo bagay ou te fè yo, paske mwen chonje bèl
mèvèy ou te fè nan tan lontan. 12 M'ap kalkile tout sa ou
te fè yo, m'ap egzaminen tout gwo bagay estwòdenè ou
te fè yo! 13 Tout sa ou fè, Bondye, se bagay apa! Nan
tout bondye yo, nanpwen ki gen pouvwa tankou ou! 14
Ou se Bondye ki fè mèvèy. Ou fè nasyon yo wè pouvwa
ou. 15 Avèk fòs ponyèt ou ou te delivre pèp ou a, pitit
pitit Jakòb yo ak pitit pitit Jozèf yo. 16 Lè dlo yo wè ou,
Bondye, dlo yo soti pè. Lè dlo yo wè ou, fon lanmè yo
pran tranble. 17 Nwaj yo pran vide gwo lapli, kout loraj
pran woule nan nwaj yo, kout zèklè fè yanyan nan tout
syèl la. 18 Bri loraj la pran woule nan syèl la. Kout zèklè
klere toupatou. Tè a soti pè, li pran tranble. 19 Ou louvri
yon chemen pou ou nan mitan lanmè a. Ou pase nan
mitan gwo lanmè fon fon an. Men pesonn pa ka wè mak
pye kote ou pase. 20 Ou pran Moyiz ak Arawon, ou fè yo
mennen pèp ou a tankou yon bann mouton y'ap mennen.

78 Se yon chante Asaf. Pèp mwen yo, koute sa m'ap
moutre nou! Louvri zòrèy nou pou n' tande sa m'ap
di! 2 Mwen pral pale ak nou, pou m' fè nou konnen sa ki
te pase nan tan lontan, 3 bagay nou te tande nan zòrèy
nou, bagay nou tout te konnen, bagay zansèt nou yo te
konn rakonte nou. 4 Nou p'ap kache bagay sa yo pou pitit
nou yo pa konnen yo. N'ap fè lwanj Seyè a devan timoun
k'ap vini yo. N'ap fè yo konnen jan l' gen pouvwa, jan l'
gen fòs, jan li fè gwo mèvèy. 5 Li te di pèp Izrayèl la sa
pou li fè. Li te bay pitit pitit Jakòb yo kòmandman li yo. Li
te mande zansèt nou yo pou yo te moutre pitit yo lalwa
Bondye a, 6 pou timoun ki fenk fèt yo ka konnen l', pou
yo menm tou, lè yo grandi, yo ka fè pitit pa yo konnen l'. 7
Konsa yo menm tou, y'a mete konfyans yo nan Bondye.
Yo p'ap bliye sa li te fè. Y'a toujou obeyi kòmandman li yo.
8 Konsa yo p'ap tankou zansèt yo ki te fè tèt ak Bondye,
ki te derefize fè sa li te mande yo fè, ki pa t' janm gen yon
konfyans fèm nan Bondye, ki pa t' kenbe pawòl yo ak
Bondye. 9 Pitit Efrayim yo se moun ki konn goumen, ki
fò nan tire flèch. Men, yo kouri lè batay mare. 10 Yo pa
t' kenbe kontra Bondye te pase ak yo a. Yo derefize fè
sa li te mande yo fè. 11 Yo fè espre, yo bliye sa li te fè,
tout mèvèy li te fè yo wè. 12 Wi, se devan je zansèt yo
Bondye te fè mirak nan peyi Lejip, nan plenn Zoan an. 13
Li fann lanmè a an de, li fè yo pase nan mitan l'. Li fè dlo
yo kanpe dwat tankou miray. 14 Pou l' moutre yo chemen
pou yo pran, lajounen li ba yo yon nwaj, lannwit li ba yo
yon dife ki t'ap mache devan yo. 15 Li fann gwo wòch nan
dezè a, li ba yo kont dlo pou yo bwè. 16 Li fè sous dlo
pete nan wòch la, li fè dlo koule tankou dlo larivyè. 17
Men, yo pa t' sispann fè peche kont Bondye, yo revòlte
dèyè Bondye ki anwo nan syèl la, lè yo te nan dezè a. 18
Yo te vle sonde Bondye: yo mande pou l' ba yo manje
yo te vle manje a. 19 Yo pale Bondye mal, yo di: -Eske
Bondye ka mete manje sou tab nan mitan dezè sa a? 20
Wi, se vre. Li frape wòch la: Dlo koule kou larivyè. Men,
èske li kapab ban nou pen? Eske li ka bay pèp li a vyann?
21 Lè Seyè a tande sa, li fè kòlè. Se te tankou yon dife li
te limen dèyè pitit Jakòb yo. Li vin ankòlè anpil sou yo, 22
paske yo pa t' gen konfyans nan Bondye, yo pa t' kwè li ta
kapab delivre yo. 23 Li pale ak nwaj yo ki anwo nan syèl
la, li ba yo lòd pou yo louvri pòt syèl la. 24 Li grennen
laman sou yo pou yo manje. Li ba yo manje farin ki soti
nan syèl la. 25 Se konsa, yo manje manje zanj Bondye
yo. Li ba yo manje pou yo manje plen vant yo. 26 Lèfini, li
fè yon van lès soufle nan syèl la. Avèk pouvwa li, li fè yon
van leve soti nan sid. 27 Li grennen vyann sou yo tankou
pousyè. Li fè zwazo soti nan syèl la tonbe atè, tankou
sab bò lanmè. 28 Li fè yo tonbe nan mitan kote yo te
rete a, tout bò kay yo. 29 Yo tout te manje plen vant yo.
Bondye ba yo tou sa yo te anvi. 30 Men, yo pa t' ankò
fin manje, yo pa t' ankò fin plen vant yo, manje a te nan
bouch yo toujou, 31 lè Bondye fache sou yo. Li touye pi
gwonèg nan mitan yo, li kraze tout jenn gason nan peyi
Izrayèl la. 32 Atousa, pèp la donnen pi rèd nan fè peche.
Yo pa t' vle kwè nan mirak sa yo. 33 Se konsa, li fè lavi
yo disparèt tankou lafimen. Li sezi yo, yo mouri frèt. 34
Li te fè detwa ladan yo mouri. Se lè sa a yo tounen vin
jwenn li, yo chanje lavi yo, yo lapriyè nan pye li. 35 Yo
vin chonje se Bondye ki te pwoteksyon yo. Se Bondye
anwo nan syèl la ki te delivre yo. 36 Men, tout bèl pawòl
sa yo, se te manti. Tou sa yo t'ap di a, se te pawòl nan

bouch. **37** Yo pa t' sensè avè li, yo pa t' kenbe kontra li te
pase ak yo. **38** Men, paske Bondye te gen pitye pou yo, li
padonnen peche yo, li pa t' touye yo. Anpil fwa menm, li
kenbe, li pa t' fè kòlè sou yo. Li pa t' kite kòlè l' tonbe sou
yo. **39** Li chonje se moun yo ye, se pase y'ap pase tankou
van k'ap soufle. **40** Men, se pa ni de ni twa fwa yo te
leve dèyè li nan dezè a! Se pa ni de ni twa fwa yo te fè l'
fè kòlè! **41** Se tout tan yo t'ap tante Seyè a! Se tout tan
yo t'ap pwovoke Bondye pèp Izrayèl la, ki yon Bondye
apa! **42** Yo bliye jan li gen pouvwa. Yo bliye lè li te sove
yo anba lènmi yo, **43** lè li te fè gwo mirak ak bèl mèvèy
nan peyi Lejip, nan plenn Zoan an. **44** Li fè dlo larivyè yo
tounen san. Pesonn pa t' ka bwè dlo sa yo. **45** Li voye
mouchavè sou yo pou devore yo. Li voye krapo pou detwi
yo. **46** Li voye krikèt vèt pou manje rekòt yo, chwalbwa
pou devore tout jaden yo. **47** Li touye pye rezen yo ak
lagrèl, li touye pye sikomò yo ak fredi. **48** Li touye tout
bèt jaden nan savann yo ak lagrèl, li touye bann mouton
yo ak loray. **49** Li te ankòlè anpil sou yo, li te move, li te
fache. Li fè anpil malè tonbe sou yo. Li voye yon lame
zanj pou detwi yo. **50** Li kite kòlè l' pase sou yo, li pa t'
sove lavi yo yonn. Li lage yon epidemi ki t'ap fini ak yo. **51**
Li touye tout premye pitit gason ki nan peyi Lejip la, tout
premye pitit gason nan laras Kam lan. **52** Lèfini, tankou
yon bann mouton, li mennen pèp li ale, li kondi yo nan
mitan dezè a. **53** Li mennen yo san danje san malè. Yo
pa t' bezwen pè anyen. Men, lanmè a te kouvri tout lènmi
yo. **54** Li fè yo rive sou fwontyè peyi li te chwazi pou li a,
toupre mòn li te pran ak fòs kouraj li a. **55** Li mete lòt
nasyon yo deyò pou bay pèp li a plas. Li separe tè a, li
bay chak branch fanmi Izrayèl la pa yo. Li kite yo moute
kay yo kote lènmi yo te rete. **56** Men, yo kenbe tèt ak
Bondye ki gen tout pouvwa a. Yo t'ap wè jouk ki bò li te
ye ak yo: Yo pa fè sa li te mande yo fè! **57** Yo pa kenbe
pawòl yo. Yo vire do ba li tankou zansèt yo te fè. Yo pati
sou move pye, yo mal derape. **58** Yo fè l' fache paske yo
bati tanp pou lòt bondye yo, yo pòte l' fè jalouzi poutèt vye
zidòl yo. **59** Bondye fache lè li wè sa. Se konsa li voye
pèp Izrayèl la jete. **60** Li kite kay li te genyen Silo a, kote li
t'ap viv pami moun sou latè a. **61** Li kite lènmi yo pran
Bwat Kontra a, ki te garanti pouvwa li ak fòs li nan mitan
yo, li kite yo pote l' ale. **62** Li te fache nèt sou pèp li a, li
kite lènmi touye yo nan lagè. **63** Jenn gason yo mouri nan
dife. Jenn fi yo pa jwenn pesonn pou marye ak yo. **64**
Tout prèt yo mouri anba kout nepe. Vèv yo pa t' kriye pou
yo. **65** Se lè sa a Seyè a leve, tankou si li t'ap leve nan
dòmi. Li parèt tankou yon vanyan gason ki anba gwòg li.
66 Li frape lènmi yo, li fè yo kouri. Li fè yo wont pou tout
tan. **67** Li voye pitit Jozèf yo jete, li pa t' chwazi branch
fanmi Efrayim lan. **68** Li chwazi branch fanmi Jida a pito,
ansanm ak mòn Siyon li renmen anpil lan. **69** Se la li bati
tanp li a ki pòtre ak kay li nan syèl la. Li fè l' solid tankou
latè, pou tout tan. **70** Li te chwazi David, yon moun ki t'ap
sèvi l'. Li wete l' dèyè mouton li t'ap okipe yo, **71** dèyè
manman mouton ki gen pitit dèyè yo, li fè l' wa sou pitit
Jakòb yo. Li mete l' gadò pèp Izrayèl la. **72** David pran
swen yo ak tout kè li. Li kondi yo avèk anpil ladrès.

79 Se yon sòm Asaf. Bondye, moun lòt nasyon yo
anvayi peyi pèp ou a! Yo antre nan kay ki apa pou
ou a, yo derespekte li. Yo fè lavil Jerizalèm tounen yon pil
wòch. **2** Yo kite kadav moun k'ap sèvi ou yo pou zwezo
nan syèl vin manje. Yo kite kadav moun k'ap viv pou ou
yo pou bèt bwa vin manje. **3** Yo fè san pèp ou a koule
tankou dlo larivyè. San an koule tankou dlo nan tout lavil
Jerizalèm. pa t' gen pesonn pou antere kadav yo! **4** Ou fè
nasyon ki bò kote nou yo ap pase nou nan betiz. Wi, yo
tout ap lonje dwèt sou nou, y'ap pase nou nan rizib. **5**
Seyè! jouk kilè w'ap rete fache ak nou? Gen lè se pou
tout tan? Eske w'ap kite kòlè ou boule nou tankou dife? **6**
Mete ou ankòlè sou nasyon ki pa konnen ou yo, sou pèp
ki p'ap sèvi ou yo. **7** Paske, se yo menm ki fin touye pitit
Jakòb yo, yo fin ravaje peyi kote yo rete a. **8** Tanpri, pa
pini nou pou peche zansèt nou yo te fè. Gen pitye pou
nou! Prese vin ede nou, paske nou fin dekouraje nèt. **9** O
Bondye, ou menm ki delivrans nou, fè konnen se ou ki
gen pouvwa! vin pote nou sekou. Delivre nou, padonnen
peche nou yo pou moun ka fè lwanj ou. **10** Poukisa moun
lòt nasyon yo ap mande nou: -Kote Bondye nou an! Fè yo
wè, devan je nou, jan w'ap pini moun ki te fè san sèvitè
ou yo koule! **11** Koute jan prizonye yo ap plenn non! Avèk
fòs ponyèt ou, delivre moun yo kondannen amò yo non.
12 Seyè, rann moun lòt nasyon yo sèt fwa laparèy pou
tout joure yo joure ou yo. **13** Lè sa a nou menm, pèp ou
a, mouton ki nan savann ou yo, nou p'ap janm sispann di
ou mèsi. Pitit an pitit, n'a fè lwanj ou.

80 Pou chèf sanba yo. Se pou yo chante l' sou menm
lè ak chante ki di: Bèl ti flè savann blan yo. Se pou
yo jwe mizik la sou enstriman akòd. Se yon sòm Asaf. Ou
menm ki gadò pèp Izrayèl la, ou menm k'ap mennen pitit
pitit Jozèf yo tankou bann mouton ou, panche zòrèy ou
pou koute nou. Ou menm ki chita sou fotèy ou anwo zanj
cheriben yo, parèt nan mitan gwo limyè ou la. **2** Fè pitit
Efrayim, pitit Benjamen ansanm ak pitit Manase yo wè
jan ou gen pouvwa. vin delivre nou. **3** Bondye, mete nou
sou pye nou ankò! Fè nou santi ou la avèk nou, epi n'a
delivre. **4** Seyè, Bondye ki gen tout pouvwa a, jouk kilè
w'a rete fache sou pèp ou k'ap lapriyè nan pye ou? **5** Ou
ba yo dlo k'ap koule sot nan je yo pou sèvi yo manje. Ou
ba yo gwo gode plen dlo k'ap soti nan je yo pou yo bwè.
6 Ou kite nasyon ki bò kote nou yo ap goumen yonn ak lòt
poutèt nou. Ou kite lènmi nou yo ap pase nou nan rizib. **7**
Bondye ki gen tout pouvwa, mete nou sou pye nou ankò.
Fè nou santi ou la avèk nou, epi n'a delivre. **8** Ou rache
yon pye rezen nan peyi Lejip, ou mete anpil nasyon deyò,
ou plante l' nan plas yo. **9** Ou pare yon moso tè kote
pou l' te grandi. Li pouse gwo rasin byen fon, branch li yo
kouvri tout peyi a. **10** Lonbraj li te kouvri tout mòn yo,
branch li yo kouvri tout gwo pye sèd yo. **11** Branch li yo
rive jouk bò lanmè Mediterane, jouk bò larivyè Lefrat. **12**

Poukisa ou lage lantouraj li yo atè konsa, kifè koulye a
nenpòt moun k'ap pase vin vòlè rezen li yo? 13 Kochon
mawon fin raboure rasin li yo, bèt nan bwa ap manje tout
fèy li yo. 14 Bondye, ou menm ki gen tout pouvwa, tounen
vin jwenn nou non! Kote ou ye nan syèl la, gade sak rive
nou! Pran ka pye rezen ou lan non! 15 vin sove pye rezen
ou menm ou te plante a, ti pye rezen ou fè tounen yon
gwo pyebwa a. 16 Lènmi nou yo mete dife ladan l', yo
koupe tout branch li yo. Fè kòlè! Annik gade yo, y'a peri!
17 Pwoteje peyi ou te fè tounen yon gwo peyi a! Pwoteje
pèp ou te chwazi a! 18 Nou p'ap janm vire do ba ou ankò!
Ban nou lavi ankò! N'a fè lwanj ou! 19 Bondye ki gen tout
pouvwa a, mete nou sou pye nou ankò! Fè nou santi ou la
avèk nou, epi n'a delivre!

81 Pou chèf sanba yo. Se sou lè chante yo chante
lè y'ap kraze rezen. Se yon sòm Asaf. Chante ak kè
kontan pou Bondye ki tout defans nou! Fè fèt pou Bondye
Jakòb la! 2 Konmanse chante a. Bat tanbouren yo! Jwe
bèl mizik sou gita ak bandjo yo. 3 Kònen twonpèt pou
anonse fèt la, lè lalin lan nouvèl, ak lè li plenn! 4 Se yon
lwa nan peyi Izrayèl, se yon lòd Bondye Jakòb la bay! 5
Bondye te fè sa tounen yon lwa pou pitit pitit Jozèf yo lè li
te fè yo soti nan peyi Lejip la. Mwen tande yon vwa mwen
pa rekonèt ki di m' konsa: 6 Se mwen ki te wete gwo
chay lou ki te sou zepòl nou an. Se mwen ki te fè nou
mete panyen yo atè. 7 Lè nou te anba tray, nou te rele m',
mwen te delivre nou. Mwen reponn nou nan loraj kote m'
te kache a. Mwen te vle wè sou ki pye nou ye avè m',
lè nou te bò sous dlo Meriba a. 8 Koute m' non lè m'ap
avèti nou, pèp mwen! Pèp Izrayèl, poukisa nou pa vle
koute m'! 9 Piga nou janm sèvi lòt bondye, piga nou janm
adore bondye lòt nasyon yo! 10 Se mwen menm ki Seyè
a, Bondye nou an. Se mwen menm ki te fè nou kite peyi
Lejip la. Louvri bouch nou, m'a plen l' ak pawòl mwen! 11
Men, pèp mwen an pa koute m'. Pèp Izrayèl la pa obeyi
m'. 12 Lè m' wè sa, mwen kite yo swiv lide yo te gen nan
tèt yo, mwen kite yo fè tou sa yo te vle fè. 13 Ayayay! Si
pèp mwen an te vle koute m'. Si pèp Izrayèl la te vle obeyi
mwen! 14 Anvan yo ta bat je yo, mwen ta fè lènmi yo
wont, mwen ta kraze tout lènmi yo. 15 Moun ki rayi Seyè
a ta vin flate yo. Pèp Izrayèl la t'ap alèz pou tout tan. 16
Mwen ta ba yo pi bon kalite manje pou yo manje. Mwen
ta plen vant yo ak bon siwo myèl ki soti nan twou wòch!

82 Se yon sòm Asaf. Bondye kanpe nan mitan konsèy
ki nan syèl la, li kanpe nan mitan bondye yo, l'ap
jije. 2 Li di: -Kilè n'a sispann fè mechanste lè n'ap jije?
Kilè n'a sispann achte figi mechan yo? 3 Pran defans pòv
malere yo ak timoun ki san papa yo! Pran defans malere
yo ak moun ki san sekou yo! 4 Delivre pòv malere ak
endijan yo! Delivre yo anba men mechan yo. 5 Nou sòt,
nou pa konprann anyen! N'ap mache nan fènwa. Pa gen
jistis sou latè ankò! 6 Mwen te di se bondye nou ye, nou
tout se pitit Bondye ki anwo nan syèl la nou ye. 7 Men,
nou gen pou nou mouri tankou tout moun, wi, nou gen
pou nou mouri tankou nenpòt chèf. 8 Leve non, Bondye,
vin jije latè! Paske, se pou ou tout nasyon yo ye.

83 Chante sa a se yon sòm Asaf li ye. O Bondye,
pa rete ak bouch ou fèmen! Pa rete san ou pa di
anyen, Bondye! Pa rete konsa san ou pa fè anyen! 2 Men
li! Lènmi ou yo ap revòlte. Moun ki pa vle wè ou yo ap
leve dèyè ou! 3 Y'ap fè konplo an kachèt sou do pèp ou
a, y'ap mete tèt yo ansanm sou do moun w'ap pwoteje
yo. 4 Yo di: -Vini non! Ann efase non yo pami nasyon yo,
pou pesonn pa janm chonje peyi Izrayèl la ankò! 5 Yo
mete tèt yo ansanm, yo fè yon sèl lide: yo dakò pou yo fè
bann sou do ou. 6 Moun peyi Edon ansanm ak pitit pitit
Izmayèl yo, moun peyi Moab ansanm ak pitit pitit Aga yo,
7 moun peyi Gebal, moun peyi Amon ansanm ak moun
peyi Amalèk yo, moun peyi Filisti ansanm ak moun lavil
Tir, yo tout yo dakò. 8 Moun peyi Lasiri yo tou fè bann ak
yo, yo mete fòs yo ansanm ak pitit pitit Lòt yo. 9 Sa ou te
fè moun peyi Madyan yo, sa ou te fè Sisera ansanm ak
Jaben nan ravin Kichon an, se sa pou ou fè yo tou. 10 Ou
te kraze yo nan Andò, ou fè kadav yo tounen fimye pou tè
a. 11 Sa ou te fè Orèb ak Zeèb, se sa pou ou fè chèf
lame yo tou! Menm jan ou te kraze Zebak ak Salmouna,
se konsa pou ou kraze chèf yo tou, 12 paske yo te di: -
Ann pran peyi Bondye a pou nou. 13 Bondye mwen, gaye
yo tankou pousyè nan toubouyon, tankou pay van ap pote
ale. 14 Tankou dife k'ap boule nan rakbwa, tankou flanm
dife k'ap mache boule mòn yo, 15 se konsa pou ou kouri
dèyè yo ak gwo van tanpèt ou a. Fè yo pè ak gwo van
siklòn ou yo! 16 Fè yo wont, fè yo blije kache figi yo,
Seyè, pou yo ka chache konnen ou. 17 Se pou yo wont
nèt jouk yo pa konn sa pou yo fè. Se pou yo kouri kache,
se pou yo mouri. 18 Fè yo konnen se ou menm sèl ki
Seyè, se ou menm ki sèl chèf sou tout latè.

84 Pou chèf sanba yo. Se sou lè yon chante yo chante
lè y'ap kraze rezen. Se yon sòm pitit Kore yo. Ala
bèl kay ou a bèl, Seyè ki gen tout pouvwa! 2 Jan mwen
anvi wè kay Seyè a sa! M'ap deperi sitèlman m' anvi al
lakay Seyè a. M'ap chante, m'ap fè fèt pou Bondye vivan
an. 3 Menm ti zwezo jwenn kote pou yo rete, menm
iwondèl jwenn nich pou mete pitit yo: Se toupre lotèl ou
yo, Seyè ki gen tout pouvwa, ou menm ki Bondye mwen,
ou menm ki wa mwen! 4 Ala bon sa bon pou moun k'ap
viv lakay ou yo! Yo toujou ap fè lwanj ou. 5 Ala bon sa
bon pou moun ki mete konfyans yo nan ou, pou moun ki
fè lide ale sou Mòn Siyon an! 6 Lè y'ap pase nan mitan
Fon Sèk la, yo fè l' tounen yon kote ki plen sous dlo.
Anvan yon ti lapli tonbe, tout jaden bèl. 7 Plis y'ap mache,
se plis y'ap gen fòs. Yo gen pou yo parèt devan Bondye
sou mòn Siyon an. 8 Seyè, Bondye ki gen tout pouvwa a,
koute lapriyè mwen. Bondye Jakòb la, panche zòrèy ou
pou tande m'. 9 Bondye, ou menm ki tout pwoteksyon
nou, voye benediksyon ou sou wa ou te chwazi pou nou
an! 10 Yon jou pase anndan lakay ou pi bon pase mil jou
pase nenpòt lòt kote. Mwen ta pito rete kanpe nan papòt

kay Bondye a pase pou m' ta rete anndan kay mechan
yo. 11 Paske, se Seyè a ki tout defans mwen, se li menm
k'ap pwoteje nou. L'ap ban nou favè li, l'ap fè yo respekte
nou. Lè yon moun ap mennen yon vi ki san repwòch,
Bondye p'ap janm refize l' okenn bon bagay. 12 Bondye
ki gen tout pouvwa, ala bon sa bon pou moun ki mete
konfyans yo nan ou!

85 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm pitit Kore yo. Seyè,
ou te bon pou peyi ou la! Ou te mennen pitit Jakòb
ki te prizonye yo tounen! 2 Ou te padonnen tou sa yo te
fè ki mal, ou te efase tout peche yo. 3 Ou pa t' fache sou
yo ankò! Ou te sispann fè kòlè sou yo! 4 Mete nou kanpe
sou de pye nou ankò! O Bondye, ou menm ki delivrans
nou! Ou pa bezwen fache sou nou ankò! 5 Eske w'ap
toujou rete fache sou nou? Eske ou p'ap janm byen ak
nou ankò? 6 Eske ou p'ap ban nou lavi ankò, pou pèp ou
ka fè fèt pou ou? 7 Seyè, fè nou wè jan ou renmen nou!
Delivre nou non! 8 M'ap koute sa Seyè, Bondye a, ap di:
Li pale ak pèp li a, ak moun ki kenbe l' fèm yo, li pwomèt
pou l' fè yo viv ak kè poze, depi yo pa janm lage kò yo
nan fè betiz ankò. 9 Wi, li pare pou l' delivre moun ki gen
krentif pou li, pou l' fè yo santi pouvwa li, pou l' toujou la
avèk yo. 10 Lè sa a nan peyi a, moun yo yonn va renmen
lòt, pesonn p'ap bay lòt manti ankò. Moun va viv byen
yonn ak lòt, pesonn p'ap fè lòt lenjistis ankò! 11 Sou latè
moun p'ap vire do bay Bondye. Bondye menm, bò pa li,
va rete nan syèl la, l'a gade anba san patipri. 12 Seyè
a va fè nou jwenn tout kalite bon bagay. Jaden nou yo
va bay bèl rekòt. 13 Moun k'ap mache dwat yo va pran
devan. Kote yo pase moun ap viv byen yonn ak lòt.

86 Se yon lapriyè David te fè. Seyè, tanpri panche
zòrèy ou bò kote m', reponn mwen, paske se yon
pòv malere san sekou mwen ye. 2 Pa kite m' mouri,
paske mwen fè tou sa ou mande m' fè. Bondye mwen,
delivre m' non, paske se ou menm m'ap sèvi, se nan ou
menm sèl mwen mete konfyans mwen. 3 Gen pitye pou
mwen, Seyè, paske se tout lajounen m'ap kriye nan pye
ou! 4 Fè kè sèvitè ou la kontan, Seyè, paske se ou menm
mwen rele lè m'ap lapriyè! 5 Seyè, ala bon ou bon! Ou
padonnen peche nou yo. Ou p'ap janm sispann renmen
moun k'ap rele non ou. 6 Seyè, koute m' non lè m'ap
lapriyè! Tande m' non lè m'ap rele mande sekou! 7 Lè m'
nan tray, se ou menm mwen rele, paske ou toujou reponn
mwen. 8 Seyè, nan tout bondye yo, pa gen tankou ou! Pa
gen yonn ki ka fè sa ou menm ou fè! 9 Tout nasyon ou
te fè yo va vin bese tèt devan ou! Y'a fè lwanj ou, 10
paske se ou menm, Bondye, ki gen pouvwa, se ou menm
ki fè bèl mèvèy sa yo. Se ou menm sèl ki Bondye. 11
Seyè, moutre m' jan ou vle m' viv la. M'a toujou obeyi ou
nan tout sikonstans. Moutre m' jan pou m' sèvi ou avèk
krentif. 12 Seyè, Bondye mwen, m'ap fè lwanj ou ak tout
kè m', mwen p'ap janm sispann fè konnen jan ou gen
pouvwa! 13 Ala renmen ou renmen mwen! Ou wete m'
nan bouch twou a. **(Sheol h7585)** 14 Bondye, yon bann
awogan leve dèyè m'! Yon kantite mechan soti pou yo
touye m'! Yo pa menm chonje si gen Bondye! 15 Seyè,
ou se yon Bondye ki gen pitye pou nou, yon Bondye ki
gen bon kè. Ou pa fasil fè kòlè, ou p'ap janm sispann
renmen nou, ou toujou kenbe pawòl ou! 16 Voye je ou
sou mwen. Gen pitye pou mwen! Ban m' fòs ankò, delivre
m', paske mwen se pitit manman m' ki te toujou sèvi ou.
17 Fè kichòy pou mwen, Seyè! Fè moun ki pa vle wè m'
yo wont, lè yo wè se ou menm ki pote m' sekou, se ou
menm ki ban m' konsolasyon!

87 Se yon sòm pitit Kore yo. Se yon chante li ye.
Bondye bati lavil li a sou mòn ki apa pou li a! 2 Li
renmen lavil Jerizalèm pi plis pase tout lòt kote nan peyi
Jakòb la. 3 Ou menm, lavil Bondye a, tande bèl bagay
y'ap di sou ou: 4 Lè m'ap nonmen non moun k'ap sèvi m'
yo, m'ap mete moun peyi Lejip, moun peyi Babilòn sou lis
la. Moun peyi Filisti, moun peyi Tir ak moun peyi Etiopi, se
Jerizalèm yo fèt. 5 Lè moun ap pale sou mòn Siyon an yo
di: -Yo rele l' manman, paske se la yo tout fèt. Se Bondye
anwo nan syèl la ki mete l' kanpe. 6 Seyè a fè lis tout pèp
yo, li fè yo tout pase pou moun lavil Jerizalèm. 7 Moun
k'ap chante yo ansanm ak moun k'ap danse yo ap repete
byen fò: -Se ou menm ki manman nou tout.

88 Chante sa a se yon sòm pitit Kore yo. Pou chèf
sanba yo. Fè yo chante ansanm tankou timoun
lekòl. Se chante Eman, moun lavil Ezra. Seyè, Bondye,
se ou menm ki delivrans mwen! Lajounen kou lannwit
m'ap rele nan pye ou! 2 Se pou lapriyè m' rive nan zòrèy
ou. Koute byen sa m'ap mande ou. 3 Anpil malè tonbe
sou mwen, mwen pa kapab ankò. Mwen prèt pou mouri.
(Sheol h7585) 4 Mwen tankou moun ki sou dènye souf
li, tankou moun ki pa gen fòs ankò. 5 Mwen tonbe atè
tankou yon moun mouri, tankou yon moun yo touye ki
kouche nan simityè. Wi, tankou yon moun ou bliye nèt,
tankou yon moun ou pa ka fè anyen ankò pou li. 6 Ou
voye m' jete nan yon gwo twou byen fon, kote ki fè nwa
anpil, nan yon twou san fon. 7 Mwen santi ou ankòlè anpil
sou mwen. Se kraze w'ap kraze m' anba men ou. 8 Ou fè
tout zanmi m' yo lage m'. Yo yonn pa ka santi m' bò kote
yo! Mwen fèmen yon kote mwen pa ka soti. 9 Je m' ap
boule m' tèlman m'ap soufri. Seyè, se chak jou m'ap rele
ou, m'ap louvri de bra m' ba ou! 10 Eske se pou moun
mouri ou fè mirak? Eske mò ka leve pou fè lwanj ou? 11
Eske moun ki anba tè ka fè konnen jan ou renmen nou?
Eske moun ki nan twou san fon an ka fè konnen jan ou
toujou kenbe pawòl ou? 12 Eske moun ki nan fènwa a ka
wè mèvèy ou yo? Eske moun ki nan peyi kote yo bliye
tout bagay la ka wè jan ou bon! 13 Seyè, m'ap rele ou vin
ede mwen. Se chak maten m'ap lapriyè nan pye ou. 14
Seyè, poukisa ou voye m' jete lwen ou konsa? Poukisa ou
kache figi ou pou mwen? 15 Depi mwen jenn gason se
soufri m'ap soufri, m'ap pase ra lanmò. Ou sitèlman pini
mwen, mwen pa konn sa pou m' fè ankò. 16 Nan kòlè
ou, ou fè m' pase kont tray mwen. Se fini ou fini avè m'

tèlman ou pini m'. **17** Tout lajounen ou sènen m' tankou
dlo inondasyon, ou fèmen m' toupatou. **18** Ou te fè tout
kanmarad mwen yo ak zanmi m' yo vire do ban mwen.
Moun mwen te konn rakonte ti koze m' yo disparèt.

89 Chante Etan, moun peyi Ezra. Seyè, mwen p'ap
janm sispann chante pou fè konnen jan ou renmen
nou. Se tout tan m'a fè konnen jan ou se moun ki kenbe
pawòl ou. **2** Ou di konsa: -Pa gen anyen ki pou fè ou
sispann renmen nou. Menm jan syèl la ap toujou la, se
konsa tou w'ap toujou kenbe pawòl ou. **3** Ou di konsa: -
Mwen pase yon kontra avèk moun mwen te chwazi a.
Men sa mwen te pwomèt David, sèvitè mwen an: **4** W'ap
toujou gen yon wa nan pitit pitit ou yo. M'ap fè gouvènman
ou lan kanpe fèm pou tout tan. **5** Seyè, moun ki nan syèl
yo ap chante pou bèl mèvèy ou fè yo. Y'ap chante nan
mitan moun k'ap viv pou ou yo, pou fè konnen jan ou
toujou kenbe pawòl ou. **6** Seyè, pa gen tankou ou nan
syèl la! Pa gen bondye ki ka wè avè ou! **7** Tout moun
k'ap sèvi ou yo respekte ou. Tout moun ki bò kote ou yo
pè ou. **8** Seyè, Bondye ki gen tout pouvwa a, pa gen
moun ki gen pouvwa pase ou! Ou kenbe pawòl ou nan
tout sikonstans, Seyè! **9** Ou dominen sou gwo lanmè yo.
Lè yo move, ou fè yo ret dousman. **10** Ou kraze moun
peyi Lejip yo, ou fè yo tounen kadav. Avèk fòs ponyèt ou,
ou gaye lènmi ou yo. **11** Syèl la se pou ou ansanm ak latè
a. Se ou ki kreye lemonn antye ak tou sa ki ladan l'. **12**
Se ou ki kreye nò ak sid. Mòn Tabò ak mòn Emon ap
chante pou ou sitèlman yo kontan. **13** Ou pa manke fòs
nan ponyèt ou! Ou p'ap bese tèt devan pesonn. **14** W'ap
gouvènen tout bagay avèk jistis san patipri. Nan tout sa
w'ap fè ou pa janm bliye jan ou renmen nou. W'ap toujou
kenbe pwomès ou te fè nou yo. **15** Ala bon sa bon lè yon
pèp gen kè kontan, lè l'ap viv yon jan ki fè ou plezi! **16**
Tout lajounen y'ap fè fèt pou ou. Y'ap fè lwanj ou paske
ou gen bon kè. **17** Se ou menm ki fè nou pa pè pesonn.
Se paske ou renmen nou kifè nou genyen batay yo. **18**
Paske, Seyè a se pwoteksyon nou, se ou menm, Bondye
Izrayèl la, ki wa nou. **19** Nan tan lontan, moun k'ap sèvi
ou yo te wè ou nan yon vizyon. Ou te pale ak yo, ou te di
yo: -Mwen te bay yon vanyan gason yon koudmen. Mwen
te pran yon jenn gason nan pèp la, mwen mete l' chèf. **20**
Mwen te jwenn David, sèvitè mwen an, mwen te mete l'
apa pou l' vin wa sou nou. **21** M'ap toujou soutni l' avèk
fòs mwen. M'a fòtifye l' avèk pouvwa mwen. **22** Lènmi l'
yo p'ap ka mete men sou li, mechan yo p'ap ka mete pye
sou kou li. **23** M'ap kraze tout moun ki pa vle wè l' yo,
m'ap touye moun ki rayi l' yo. **24** M'ap toujou renmen l',
m'ap toujou kenbe pawòl mwen ak li, mwen p'ap janm kite
l' pèdi okenn batay. **25** M'ap fè l' gouvènen depi lanmè
Mediterane jouk larivyè Lefrat. **26** L'a rele m', l'a di m':
Se ou ki papa m', se ou menm ki Bondye m'. Se ou ki
pwoteksyon m', se ou menm ki delivrans mwen. **27** Mwen
menm, m'ap fè l' pase pou premye pitit gason mwen. Se li
k'ap pi gran nan tout wa sou latè. **28** M'a toujou fè l' wè
jan m' renmen l', m'ap toujou kenbe kontra mwen te fè ak
li a. **29** M'ap toujou chwazi yonn nan pitit pitit li yo pou
wa. Gouvènman li a ap rete tout tan tout tan. **30** Men, si
pitit pitit li yo pa obeyi lalwa mwen ba yo, si yo pa mache
dapre lòd mwen ba yo, **31** si yo pa swiv prensip mwen ba
yo, si yo pa fè tout sa mwen mande yo fè, **32** m'ap pini yo
pou peche yo fè, m'ap bat yo. M'ap ba yo kout fwèt pou
tout sa yo fè ki mal. **33** Men, se pa sa k'ap fè m' sispann
renmen David, ni k'ap fè m' pa kenbe pwomès mwen te fè
l' la. **34** Non. Mwen p'ap kase kontra mwen pase ak li a, ni
mwen p'ap janm manke l' pawòl. **35** Depi mwen fè sèman
sou non mwen yon sèl fwa, se fini: Mwen p'ap bay David
manti. **36** Pitit pitit li yo va toujou wa. Y'a gouvènen devan
mwen toutotan solèy la va la. **37** Gouvènman li an ap la
pou tout tan, tankou lalin ki toujou klere nan syèl la. **38**
Men, malgre sa, ou fache sou wa ou te chwazi a, ou vire
do ba li, ou voye l' jete. **39** Ou pa menm okipe kontra ou
te fè avèk sèvitè ou la. Ou pran kouwòn ki te sou tèt li a,
ou voye l' jete nan labou. **40** Ou kraze tout miray li yo, ou
lage yo atè. Ou kite tout fò li yo fin kraze nèt. **41** Tout
moun k'ap pase nan lari ap piye kay li, tout vwazinaj li yo
ap pase l' nan rizib. **42** Ou kite lènmi l' yo kraze l' anba
pye yo. Ou fè yo tout kontan. **43** Ou kase dan tout zam
li yo, ou kite yo kraze l' nan lagè. **44** Ou te wete baton
kòmandman an nan men l', ou pran fotèy li a, ou jete l'
atè. **45** Ou fè l' vin vye anvan lè li, ou fè l' wont nèt. **46**
Seyè, jouk kilè w'ap rete kache pou nou pa wè ou? Gen lè
se pou tout tan! W'ap kite kòlè ou boule nou tankou dife?
47 Seyè, chonje moun pa anyen, lavi yo kout. Chonje se
ou ki kreye tout moun pou yo tounen pousyè. **48** Eske gen
moun ki ka viv san l' pa janm mouri? Kisa yon moun ka fè
pou l' pa janm al anba tè? **(Sheol h7585)** **49** Seyè, kote sa
ou te fè nan tan lontan pou fè nou wè jan ou renmen nou
an? Kote tout bèl pwomès ou te fè David yo? **50** Seyè, pa
bliye jan y'ap pase sèvitè ou yo nan betiz! Pa bliye jan
moun lòt nasyon yo ap joure mwen! **51** Seyè, pa bliye jan
lènmi ou yo ap joure, jan y'ap joure wa ou te chwazi a kote
l' pase. **52** Ann toujou fè lwanj Seyè a! Wi, se vre! Amèn!

90 Lapriyè Moyiz, sèvitè Bondye a. Seyè, ou te toujou
yon pwoteksyon pou nou depi sou tan zansèt nou
yo jouk koulye a. **2** Anvan menm ou te kreye mòn yo,
anvan ou te fè latè ak tout sa ki ladan l', depi tout tan ak
pou tout tan se Bondye ou ye. **3** Ou di moun se pou yo
tounen sa yo te ye. Ou fè yo tounen pousyè ankò. **4** Milan
(1.000 an) pa anyen pou ou, se tankou yon jou. Se tankou
jounen ayè ki fin pase a, se tankou yon ti kadè nan mitan
lannwit. **5** Ou fè yo pase tankou yon rèv, tankou pye zèb
ki leve yon jou maten. **6** Li grandi, li fleri, nan aswè li
fennen, li cheche. **7** Lè ou ankòlè, se fini ou fini ak nou.
Lè ou move, ou fè kè nou kase. **8** Ou mete devan je ou
tou sa nou fè ki mal, ou mete peche nou fè an kachèt yo
aklè devan ou. **9** Ou koupe sou lavi nou paske ou ankòlè.
Anvan nou bat je nou, lavi nou fini. **10** Dènye bout nou se
swasanndizan. Si nou gen bon sante, n'a wè katreventan.
Men, avantaj nou jwenn nan tou sa se sèlman tray ak

mizè. Talè konsa nou fin viv, n' al fè wout nou. 11 Kilès ki
konnen jan ou ka ankòlè? Kilès ki konnen jan pou yo pè
ou lè ou move? 12 Moutre nou pou nou pa bliye jan lavi
nou kout, pou nou kapab chache konprann tout bagay. 13
Seyè, kilè w'a tounen? Gen pitye pou sèvitè ou yo. 14
Chak maten, voye benediksyon ou sou nou! Konsa, n'a
chante, n'a toujou gen kè kontan. 15 Koulye a fè kè nou
kontan pou menm kantite jou ou te ban nou lapenn, pou
menm kantite lanne nou pase nan mizè. 16 Fè moun k'ap
sèvi ou yo wè sa ou ka fè. Fè pitit pitit yo wè jan ou gen
pouvwa. 17 Seyè, Bondye nou, pa sispann ban nou favè
ou. Fè nou reyisi nan tou sa n'ap fè. Wi, fè nou reyisi nan
tou sa n'ap fè.

91 Moun ki chache pwoteksyon bò kote Bondye ki
anwo nan syèl la, moun ki rete kache anba zèl
Bondye ki gen tout pouvwa a 2 ka di Seyè a: -Se ou ki
tout defans mwen. Se ou ki tout pwoteksyon mwen. Ou
se Bondye mwen. Se nan ou mwen mete tout konfyans
mwen. 3 Se li menm ki p'ap kite ou pran nan pèlen, ki
p'ap kite maladi ki pou touye ou tonbe sou ou. 4 L'ap
kouvri ou anba zèl li. Anyen p'ap rive ou kote ou kache
a. L'ap toujou kenbe pawòl li: Se sa ki pwoteksyon ou,
se sa ki defans ou. 5 Ou pa bezwen pè bagay k'ap fè
moun pè lannwit, ni kè ou pa bezwen kase pou malè ki ka
rive ou lajounen. 6 Ou pa bezwen pè move maladi k'ap
tonbe sou moun nan mitan lannwit, ni epidemi k'ap touye
moun gwo midi. 7 Mil (1.000) moun te mèt tonbe sou bò
gòch ou, dimil (10.000) sou bò dwat ou, anyen p'ap rive
ou. 8 W'ap rete konsa, w'ap gade, w'a wè jan y'ap bay
mechan yo sa yo merite. 9 Paske ou pran Seyè a pou
defans ou, paske ou pran Bondye ki anwo nan syèl la
pou pwoteksyon ou, 10 okenn malè p'ap rive ou, okenn
mechan p'ap ka pwoche bò kot kay ou. 11 Bondye ap
pase zanj li yo lòd pou yo veye sou ou, pou yo pwoteje ou
kote ou pase. 12 Y'ap pote ou nan men yo. pou ou pa
kase zòtèy pye ou sou okenn wòch. 13 W'ap mache sou
lyon ak sou sèpan, w'ap kraze jenn ti lyon yo ak eskòpyon
yo anba pye ou. 14 Bondye di: M'ap sove moun ki renmen
mwen, m'ap pwoteje moun ki konnen mwen. 15 Lè l' rele
m', m'ap reponn li. Lè l' nan tray, m'ap la avèk li. M'ap
delivre l', m'ap fè yo respekte l'. 16 M'ap fè l' viv lontan,
m'a fè l' wè jan m'ap delivre l'.

92 Sòm sa a se yon chante espesyal pou jou repo a.
Sa bon nèt pou nou di Seyè a mèsi, pou nou chante
pou ou, Bondye ki anwo nan syèl la. 2 Sa bon nèt pou
chak maten nou fè konnen jan ou gen kè sansib, pou
chak swa nou fè konnen jan ou toujou kenbe pawòl ou. 3
Avèk mizik yo jwe sou enstriman akòd yo, avèk mizik yo
jwe sou gita, sa bon nèt pou nou fè lwanj ou. 4 Paske,
Seyè, ou fè kè m' kontan ak bèl mèvèy ou yo, m'ap fè fèt
lè m' wè tou sa w'ap fè. 5 Ala bèl bagay ou fè yo bèl!
Seyè, moun p'ap janm ka fin konprann sa ki nan tèt ou! 6
Se bagay moun lespri lou pa ka konnen, bagay moun
fou pa ka konprann. 7 Mechan yo ap grandi tankou zèb,
moun k'ap fè mal yo ap wè zafè yo mache byen, men yon
lè yo tout gen pou disparèt nèt. 8 Men ou menm, Seyè,
ou se Bondye nan syèl la. Ou la pou tout tan. 9 Paske,
Seyè, lènmi ou yo pral mouri. Wi, ou pral gaye tout moun
k'ap fè mal yo. 10 Ou fè m' gen menm fòs ak towo bèf
mawon yo. Ou fè kè m' kontan. 11 Mwen wè ak je m' jan
lènmi m' yo pèdi batay la, mwen tande jan moun ki pa
vle wè m' yo ap rele. 12 Moun k'ap mache dwat yo pral
pouse tankou palmis, y'ap grandi tankou pye sèd nan peyi
Liban. 13 Yo tankou pyebwa yo plante nan kay Seyè a,
y'ap pouse bèl branch nan tanp Bondye nou an. 14 Yo te
mèt granmoun, y'ap donnen, y'ap toujou vèt, y'ap toujou
gen fòs. 15 Sa fè nou wè jan Seyè a pa gen patipri. Se li
ki tout pwoteksyon mwen. Pa gen lenjistis nan kè li.

93 Seyè a ap gouvènen. Gade jan li gen pouvwa! Gade
jan li gen fòs! Latè kanpe fèm nan plas li, anyen pa
ka brannen l'. 2 Seyè, gouvènman ou lan chita fèm depi
nan tan lontan. Ou menm, ou la depi tout tan. 3 Larivyè
yo desann, Seyè, larivyè yo ap fè bri. Larivyè yo desann,
y'ap fè gwo bri. 4 Men, Seyè a se sèl chèf nan syèl la. Li
gen plis pouvwa pase lanmè a ki fin debòde, li pi fò pase
lanm lanmè yo k'ap fè bri. 5 Seyè, kòmandman ou yo la
pou tout tan. Kay ou se yon kay ki apa pou ou pou tout
tan tout tan.

94 Seyè, ou menm Bondye ki gen dwa tire revanj lan,
parèt non pou fè yo wè ki moun ou ye. 2 Ou menm
k'ap jije tout moun sou latè, leve non! Bay moun k'ap
pran pòz gwokolèt yo sa yo merite! 3 Kilè mechan yo va
sispann fè fèt? Wi, Seyè, kilè y'a sispann? 4 Kilè moun
k'ap fè sa ki mal yo va sispann fè grandizè? Kilè y'a
sispann fè bèl diskou pou rakonte krim yo fè? 5 Seyè,
y'ap kraze pèp ou a, y'ap peze moun pa ou yo. 6 Y'ap
koupe kou vèv yo, y'ap koupe kou timoun ki san papa yo,
y'ap ansasinen etranje k'ap viv nan peyi a. 7 Lè konsa yo
di: Seyè a pa wè nou! Bondye pèp Izrayèl la pa okipe
bagay konsa! 8 Nou menm, bann san konprann, manyè
fè atansyon non! Bann moun fou, kilè n'a konprann? 9
Bondye ki bay zòrèy, ki jan pou l' pa ta ka tande? Bondye
ki fè je, ki jan pou l' pa ta ka wè? 10 Limenm ki reskonsab
tout nasyon yo, ki jan pou l' pa ta ka pini yo? Limenm
k'ap bay moun tout kalite konesans, ki jan pou l' pa ta ka
konnen? 11 Seyè a konnen lide lèzòm gen nan tèt yo. Li
konnen sa pa vo anyen. 12 Ala bon sa bon, Seyè, lè w'ap
korije yon moun, pou fè l' konnen sa ki nan lalwa ou, 13
pou l' ka rete ak kè poze lè jou malè a rive, jouk y'a fouye
twou pou antere mechan an. 14 Seyè a p'ap voye pèp
li a jete, li p'ap vire do bay moun ki pou li yo. 15 Lè sa
a, moun va jwenn jistis nan tribinal, tout moun ki mache
dwat va dakò avèk sa. 16 Kilès ki va kanpe pou mwen
kont mechan yo? Kilès ki va pran pou mwen kont moun
k'ap fè mal yo? 17 Si se pa t' Seyè a ki te sekou mwen,
gen lontan depi mwen ta mouri. 18 Lè mwen di: Men m'ap
tonbe wi! Se ou menm, Seyè, ki soutni m' paske ou gen
bon kè. 19 Lè m' nan tèt chaje, lè mwen pa konn sa pou

m' fè, se ou menm ki ban m' kouraj, se ou menm ki fè kè
m' kontan. **20** Eske ou nan konfyolo avèk jij pèvèti sa yo,
k'ap fè mechanste yo pase pou lalwa? **21** Y'ap fè konplo
sou moun ki mache dwat yo, y'ap kondannen inonsan
yo amò. **22** Men, Seyè a se tout defans mwen. Bondye
mwen, se twou wòch kote m' jwenn pwoteksyon. **23** L'ap
fè mechanste yo a tonbe sou pwòp tèt yo, l'ap fè peche
yo a touye yo. Seyè a, Bondye nou an, ap disparèt yo.

95 Vini non, ann fè kè nou kontan, ann chante pou
Seyè a! Ann fè fèt pou moun k'ap pwoteje nou an,
pou moun k'ap delivre nou an! **2** Ann parèt devan li pou
nou di l' mèsi! Ann chante yon chante pou fè lwanj li! **3**
Paske, Seyè a se yon Bondye ki gen pouvwa, se yon
gwo wa sou tout lòt bondye yo. **4** Se li menm ki kenbe
fondasyon tè a nan men l'. Se pou li tout tèt mòn yo ye
tou. **5** Se pou li lanmè a ye, paske se li ki fè l', latè a tou,
paske se li ki ba l' fòm ak men l'. **6** Vini non! Ann bese tèt
nou devan li, ann adore li! Ann tonbe ajenou devan Seyè
ki kreye nou an! **7** Se li ki Bondye nou, se pèp li nou ye,
l'ap pran swen nou tankou mouton ki nan savann li. Si
sèlman nou te vle tande jòdi a sa l'ap di nou: **8** -Pa kenbe
tèt ak mwen, tankou zansèt nou yo te fè l' lè yo te bò sous
dlo Meriba a, tankou yo te fè l' jou sa a nan dezè a bò
Masa. **9** Lè sa a, yo te vle wè jouk ki bò mwen ye ak yo,
yo te sonde m', malgre yo te deja wè tou sa mwen te
fè pou yo. **10** Pandan karantan, ras moun sa yo ban m'
degoutans. Mwen te di: Y'ap fè move lide nan tèt yo. Yo
derefize obeyi kòmandman mwen yo. **11** Se sak fè, lè m'
te ankòlè a, mwen sèmante yo p'ap janm mete pye yo
kote pou yo pran repo ansanm ak mwen an.

96 Chante yon chante tou nèf pou Seyè a! Nou tout
ki rete sou latè, chante pou Seyè a! **2** Chante pou
Seyè a, fè lwanj li! Chak jou, fè konnen jan li delivre nou.
3 Fè nasyon yo konnen pouvwa li. Fè tout pèp yo konnen
bèl bagay li fè yo. **4** Seyè a gen gwo pouvwa. Li merite
pou yo fè lwanj li vre. Se pou moun pè l' pi plis pase lòt
bondye yo. **5** Bondye lòt nasyon yo pa anyen, se pòtre yo
ye. Men, se Seyè a ki fè syèl la. **6** Devan li se respè, se
chapo ba. Gen pouvwa, gen mèvèy nan kay ki apa pou li
a! **7** Nou tout pèp ki sou latè, fè lwanj Seyè a! Fè lwanj
Seyè a pou pouvwa ak fòs li genyen! **8** Fè lwanj li paske
li merite sa! Pote ofrann ba li anndan lakay li! **9** Adore
Bondye nan bèl kay ki apa pou li a! Nou tout ki sou latè,
tranble devan li. **10** Mache di nan tout peyi yo: Se Seyè a
ki sèl wa. Latè kanpe fèm, anyen pa ka brannen l'. L'ap
jije tout moun san patipri. **11** Se pou syèl la kontan, se
pou latè a fè fèt. Se pou lanmè a ansanm ak tou sa ki
ladan l' pran fè bri sitèlman yo kontan. **12** Se pou jaden
yo ak tou sa ki ladan yo fè fèt. Se pou tout pyebwa nan
gwo rak yo rele sitèlman yo kontan, **13** lè Seyè a parèt.
Paske, l'ap vini. L'ap vini pou l' jije tout moun ki sou latè.
L'ap jije tout moun san patipri. L'ap jije tout pèp yo jan sa
dwe fèt.

97 Se Seyè a ki wa! Se pou tout moun ki sou latè fè kè
yo kontan! Se pou moun ki nan tout zile yo fè fèt! **2**
Li nan mitan yon gwo nwaj tou nwa. L'ap gouvènen tout
bagay avèk jistis, san patipri. **3** Yon dife ap mache devan
li. L'ap boule lènmi l' yo tout kote l' pase. **4** Kout zèklè li yo
klere toupatou. Moun ki sou latè wè sa, yo pran tranble. **5**
Ti mòn yo fonn tankou lasi devan Seyè a, wi, yo fonn
devan chèf tout latè a. **6** Syèl la fè konnen jan Bondye pa
nan patipri, tout pèp yo wè pouvwa li. **7** Tout moun k'ap
sèvi zidòl yo, yo tout k'ap fè grandizè pou bagay ki pa vo
anyen, yo tout gen pou yo wont. Tout bondye yo bese tèt
devan li. **8** Pèp peyi Siyon an tande sa, li kontan. Tout
lavil peyi Jida yo fè fèt pou jan ou jije moun, Seyè! **9** Seyè
ki gen tout pouvwa, se ou menm ki sèl chèf sou tout latè,
W'ap dominen sou tout bondye yo. **10** Seyè a renmen
moun ki rayi sa ki mal. Li pwoteje lavi pèp li a, li delivre yo
anba men mechan yo. **11** Limyè Bondye klere moun ki
mache dwat devan li. Moun ki fe sa ki byen, l'ap fè kè yo
kontan. **12** Nou tout ki mache dwat devan Bondye, fè kè
nou kontan pou sa Seyè a fè pou nou. Di l' mèsi! Li pa
tankou tout moun.

98 Se yon sòm. Chante yon chante tou nèf pou Seyè
a, paske li pa manke fè bèl bagay. Pouvwa li avèk
fòs ponyèt li se bagay apa, se ak yo li te genyen batay la.
2 Seyè a te fè wè jan l' delivre nou. Li te fè nasyon yo
konnen jan li fè lèzòm gras. **3** Li te chonje jan li renmen
moun Izrayèl yo, jan li toujou kenbe pawòl li gen ak yo.
Moun toupatou sou latè te wè jan Bondye nou an ap
delivre nou. **4** Nou tout ki rete sou latè, rele pou fè lwanj
Seyè a tèlman nou kontan! Rele! Fè fèt! Chante! **5** Chante
pou Seyè a avèk gita! Avèk gita, chante kantik! **6** Soufle
klewon, kònen lanbi! Rele devan Seyè a sitèlman nou
kontan, paske se li ki wa. **7** Se pou lanmè a ansanm ak
tou sa k'ap viv ladan l' pran fè bri sitèlman yo kontan. Se
pou latè a ansanm ak tou sa k'ap viv sou li pran chante. **8**
Se pou larivyè yo pran bat men yo. Se pou tout ti mòn yo
pran chante ansanm sitèlman yo kontan. **9** Paske, l'ap
vini pou l' jije tout moun ki sou latè! L'ap jije tout moun san
patipri. L'ap jije tout pèp yo dapre sa yo merite.

99 Se Seyè a ki wa! Pèp yo ap tranble. Li chita sou
fotèy li anwo zanj cheriben yo. Tout moun sou latè
ap tranble! **2** Seyè a gen pouvwa nan peyi Siyon! L'ap
gouvènen sou tout pèp yo. **3** Se pou tout moun fè lwanj li,
paske li gen pouvwa, li merite respè! Se Bondye tout bon
li ye! **4** Ou se yon wa ki gen pouvwa, yon wa ki renmen
sa ki dwat. Ou mete jistis toupatou nan peyi Izrayèl. Ou fè
yo fè jistis nan peyi a san patipri, jan sa dwe fèt. **5** Lwanj
pou Seyè a, Bondye nou an! Bese tèt nou devan fotèy li.
Sè Bondye tout bon li ye! **6** Moyiz ak Arawon te fè pati
prèt li yo! Samyèl te yonn nan moun ki te sèvi l' yo! Tout
twa te rele Seyè a, li te reponn yo. **7** Li rete nan poto nwaj
la, li pale ak yo. Yo te obeyi lòd ak kòmandman li te ba yo.
8 Seyè, Bondye nou, ou te reponn yo lè yo te lapriyè ou!
Ou te moutre yo se yon Bondye ki konn padonnen ou

ye. Men, ou te pini yo pou sa yo fè ki mal. 9 Lwanj pou
Seyè a, Bondye nou an! Adore l' sou mòn ki apa pou li a!
Paske, Seyè a, Bondye nou an, se Bondye tout bon li ye.

100 Se yon sòm pou di Bondye mèsi. Nou tout ki
rete sou latè, chante pou Bondye sitèlman nou
kontan. 2 Fè sèvis pou Seyè a ak kè kontan! Vini non! Fè
fèt devan li! 3 Pa janm bliye: Seyè a, se Bondye li ye. Se
li menm ki fè nou, se pou li nou ye. Se pèp li nou ye,
mouton ki nan savann li. 4 Antre nan tanp li, di l' mèsi!
Antre kote ki apa pou li a, chante pou li! Wi, fè lwanj li, di l'
mèsi! 5 Seyè a gen bon kè, li p'ap janm sispann renmen
nou. De pitit an pitit, l'ap toujou kenbe pawòl li.

101 Se yon sòm David. M'ap chante pou yon moun
ki gen bon kè. M'ap chante pou yon moun ki pa
nan patipri. Se pou ou m'ap chante, Seyè! 2 M'ap mennen
yon lavi san repwòch. Kilè w'a vin jwenn mwen? 3 M'ap
mennen yon lavi san repwòch anndan lakay mwen. Mwen
p'ap mete okenn move lide nan tèt mwen. Mwen rayi sa
moun ki vire do bay Bondye yo ap fè. Bagay konsa pa ka
pran tèt mwen. 4 Mwen pa tolere moun ki gen move kè
bò kote m'. Mwen pa gen anyen pou m' wè ak moun ki
mechan. 5 M'ap disparèt tout moun k'ap pale zanmi yo
mal an kachèt. Mwen p'ap tolere moun k'ap fè grandizè,
moun k'ap pran pòz gwokolèt yo sou moun. 6 M'ap pran
swen moun nan peyi a ki kenbe Bondye fèm. M'ap kite yo
rete bò kote m'. Moun k'ap mache dwat yo, se yo m'ap
pran pou sèvi lakay mwen. 7 Mwen p'ap kite moun k'ap
twonpe moun rete lakay mwen. Moun k'ap bay manti p'ap
rete kanpe devan mwen. 8 Chak maten m'ap fini avèk
tout mechan ki nan peyi a. Konsa, m'ap mete tout moun
k'ap fè sa ki mal yo deyò nan lavil Seyè a.

102 Lapriyè yon moun ki anba tray. Li pa kapab sipòte
ankò. L'ap rakonte Bondye ka li. Seyè, koute m'
non lè m'ap lapriyè, se pou rèl mwen rive nan zòrèy ou. 2
Pa vire do ban mwen lè mwen nan traka. Panche zòrèy ou
bò kote m'. Prese vin reponn mwen lè m'ap rele ou. 3 Lavi
m' ap disparèt tankou lafimen. Mwen gen yon lafyèb nan
zo. 4 Mwen anba gwo kou. Mwen tankou zèb koupe k'ap
cheche. Mwen sitèlman boulvèse, mwen pa menm chonje
manje. 5 Mwen tounen zo ak po tèlman m'ap plenn. 6
Mwen sanble yon tako savann, mwen tankou frize ki rete
nan vye kay kraze. 7 Mwen pa ka dòmi, mwen tankou
yon zwezo ki pou kont li sou yon do kay. 8 Tout lajounen
lènmi m' yo ap joure m'. Moun k'ap pase m' nan rizib yo
pran non m' sèvi jouman. 9 Se sann dife ki tout manje m'.
Dlo nan je m' fè yon sèl ak dlo m'ap bwè. 10 Ou sitèlman
ankòlè, ou sitèlman fache, ou pran m', ou voye m' jete
byen lwen. 11 Kò m' ap tchoule tankou solèy k'ap kouche.
M'ap cheche tankou zèb. 12 Men ou menm, Seyè, w'ap
gouvènen pou tout tan. Pitit an pitit y'ap chonje non ou!
13 W'a leve, w'a gen pitye pou lavil Siyon an, paske li lè
pou ou gen pitye pou li. Jou a rive. 14 Moun k'ap sèvi ou
yo renmen lavil Siyon an. Kè yo fè yo mal pou yo wè jan
l'ap fini. 15 Lè sa a, moun lòt nasyon yo va gen krentif
pou Seyè a, tout wa ki sou latè va pè bèl pouvwa li. 16
Seyè a va rebati lavil Siyon, l'a fè wè jan li gen pouvwa.
17 L'a pran ka moun ki san sekou yo lè y'a lapriyè, wi, li
p'ap meprize lapriyè yo. 18 Se pou yo ekri sa pou timoun
k'ap vini yo ka konnen l', pou timoun ki poko fèt yo ka fè
lwanj li. 19 Seyè a rete anwo nan kay ki apa pou li a, li
gade anba, li rete anwo nan syèl la, l'ap gade sou latè,
20 pou l' tande jan prizonye yo ap plenn, pou l' delivre
moun yo kondannen amò yo. 21 Konsa, moun va nonmen
non Seyè a nan tout lavil Siyon an. Y'a fè lwanj li nan
lavil Jerizalèm, 22 lè tout nasyon yo ak tout gouvènman
ki sou latè yo va sanble pou sèvi Seyè a. 23 Mwen te
jenn gason toujou lè Seyè a kraze kouraj mwen: li koupe
sou lavi m'. 24 Mwen di: Bondye mwen, ou menm k'ap
viv pou tout tan, pa pran m' koulye a. Mwen jenn gason
toujou. 25 Se ou menm, Seyè, ki te kreye latè nan tan
lontan. Se avèk men ou ou te fè syèl la. 26 Yo gen pou yo
disparèt, men ou menm w'ap toujou la. Yo gen pou yo vin
vye tankou rad. W'ap chanje yo tankou yo chanje rad, w'a
mete yo sou kote. 27 Men ou menm, ou p'ap janm chanje,
ou p'ap janm mouri. 28 Pitit sèvitè ou yo va rete nan peyi
a san danje. Pitit pitit yo va toujou viv devan je ou.

103 Se yon sòm David. Kite m' di Seyè a mèsi! Kite
m' di Seyè ki pa tankou tout moun lan mèsi ak
tout nanm mwen! 2 Wi, kite m' di Seyè a mèsi. Mwen pa
dwe janm bliye tout byen li fè pou mwen. 3 Li padonnen
tout peche m' yo, li geri tout maladi m' yo. 4 Li wete m'
nan bouch twou a. Li beni m', li fè m' wè jan li renmen m',
jan li gen pitye pou mwen. 5 Li kouvri m' ak benediksyon
pandan tout lavi m', li fè m' rete jenn ak tout fòs mwen,
tankou malfini. 6 Seyè a pa nan patipri. Li rann jistis an
favè tout moun k'ap sibi lenjistis. 7 Li fè Moyiz konnen sa
l' te gen nan tèt li, li fè pitit Izrayèl yo wè mèvèy li yo. 8
Seyè a gen kè sansib, li gen bon kè. Li pa fè kòlè fasil, li
p'ap janm sispann renmen nou. 9 Li p'ap pase tout tan l'
ap pini nou, li pa ankòlè pou lontan. 10 Li pa aji ak nou
jan nou ta merite l' la, li pa pini nou jan l' ta dwe pini nou.
11 Menm jan syèl la byen lwen anwo tè a, se konsa Seyè
a renmen moun ki gen krentif pou li. 12 Menm jan kote
solèy leve a byen lwen ak kote solèy kouche a, se konsa
li wete peche nou yo, li voye yo jete byen lwen nou. 13
Menm jan yon papa sansib pou pitit li, se konsa Seyè a
sansib pou moun ki gen krentif pou li. 14 Li konnen ak
kisa nou fèt, li chonje se pousyè tè nou ye. 15 Lèzòm
menm, lavi yo tankou zèb. Yo grandi, yo fleri tankou flè
savann. 16 Kou van soufle sou yo, yo disparèt. Pesonn
pa rekonèt kote yo te ye a. 17 Men renmen Bondye pou
moun ki gen krentif pou li yo, se bagay ki la pou tout tan.
L'ap gen pitye pou pitit pitit yo, 18 pou moun ki kenbe
pawòl yo ak li, pou moun ki chonje kòmandman li yo pou
obeyi yo. 19 Seyè a mete fotèy li anwo nan syèl la, l'ap
gouvènen tout bagay. 20 Nou menm zanj li yo ki vanyan,
ki gen fòs, nou menm k'ap fè tou sa li mande nou fè, nou
menm k'ap koute sa l'ap di nou, fè lwanj Seyè a! 21 Nou

tout ki fè pati lame ki nan syèl la, nou tout k'ap sèvi l', k'ap
fè volonte li, di Seyè a mèsi! 22 Nou tout kreyati Bondye,
nou tout ki toupatou kote l'ap gouvènen, di Seyè a mèsi!
Wi, kite m' di Seyè a mèsi!

104 Kite m' di Seyè a mèsi! Seyè, Bondye mwen,
ala gwo pouvwa ou gwo! Devan ou se respè, se
chapo ba! 2 Ou vlope kò ou nan yon gwo limyè. Ou louvri
syèl la tankou yon tant pou ou rete. 3 Ou bati kay ou
sou nwaj yo ki plen dlo. Ou pran nwaj yo sèvi ou cha,
yon kouran van ap pouse ou ale. 4 Ou fè van yo pote
komisyon pou ou. Ou fè zèklè yo tounen sèvitè ou. 5
Ou mete latè kanpe fèm sou fondasyon li. Anyen pa ka
brannen l'. 6 Ou mete lanmè sou li tankou yon rad, dlo te
kouvri tout mòn yo. 7 Men, lè ou parèt devan yo, yo pran
kouri. Lè yo tande loraj ou gwonde, yo met deyò. 8 Yo
kouri desann sou mòn yo, yo pase nan fon yo, y' al pran
plas ou te pare pou yo. 9 Ou ba yo limit pou yo pa janm
depase, pou yo pa tounen vin kouvri latè ankò. 10 Ou
fè sous dlo koule nan fon yo. Ou fè dlo koule nan mitan
mòn yo. 11 Yo bay dlo pou bèt nan bwa yo bwè. Bourik
nan bwa yo vin bwè lè yo swaf dlo. 12 Zwezo fè nich sou
pyebwa ki bò dlo yo. Y'ap chante byen fò nan tout branch
yo. 13 Ou rete nan syèl la, ou voye lapli wouze mòn yo.
Ou kouvri tè a ak benediksyon ou. 14 Ou fè zèb pouse
pou bèt yo manje. Ou fè plant moun bezwen yo grandi
pou latè ka donnen manje, 15 pou latè ka donnen rezen
ki bay diven pou fè kè lèzòm kontan, lwil pou fè figi yo fre,
pen pou ba yo fòs. 16 Pyebwa Seyè yo, pye sèd li menm
li te plante nan peyi Liban an, yo jwenn tou sa yo bezwen.
17 Se la zwazo fè nich yo. Sigòy fè kay yo sou tèt pyebwa
yo. 18 Mòn apik yo se pou kabrit mawon yo ye. Daman
kache nan twou wòch yo. 19 Ou te fè lalin pou l' make jou
yo. Solèy la konnen kilè pou l' kouche. 20 Ou fè fènwa
tonbe sou peyi a, li lannwit. Tout bèt nan rakbwa yo soti
deyò. 21 Jenn lyon yo ap gwonde, y'ap chache manje.
Y'ap mande Bondye ba yo manje. 22 Lè solèy leve, yo
wete kò yo, y' al kouche nan twou yo. 23 Moun soti pou y'
al travay, wi, pou y' al travay jouk solèy kouche. 24 Seyè,
ou fè anpil bagay! Ou fè yo avèk bon konprann. Latè plen
ak bagay ou fè. 25 Gade gwo lanmè a, li laj, li fon. Gen
kantite bèt k'ap viv ladan l', gwo kou piti. 26 Se sou li gwo
batiman yo ap pwonmennen. Gwo bèt lanmè ou te fè a,
levyatan an, ap jwe ladan l'. 27 Se sou ou tout bèt sa yo
konte, pou ou ba yo manje lè yo bezwen. 28 Ou ba yo
manje, yo manje. Ou louvri men ou, yo manje plen vant
yo. 29 Vire ou vire do ou, yo pran tranble. Lè ou wete souf
yo, yo mouri frèt, yo tounen nan pousyè kote yo te soti a.
30 Men, lè ou soufle souf ou, ou bay lavi ankò. Konsa, ou
bay latè yon lòt figi. 31 Se pou bèl pouvwa Seyè a rete
jan l' ye a pou tout tan. Se pou Seyè a kontan ak tou sa
li fè. 32 Li gade latè, latè pran tranble. Li manyen mòn
yo, mòn yo pran fè lafimen. 33 M'ap pase tout lavi m' ap
chante pou Seyè a. M'ap fè lwanj Bondye pandan tout tan
m'ap viv la. 34 Mwen ta swete pawòl mwen fè l' plezi,
paske se li ki fè kè m' kontan. 35 Se pou moun k'ap fè sa
ki mal yo disparèt sou latè. Se pou pa gen mechan ankò!
Kite m' di Seyè a mèsi! Lwanj pou Seyè a!

105 Lwanj pou Seyè a! Fè konnen jan li gen pouvwa!
Fè nasyon yo konnen sa li fè! 2 Chante pou
li! Fè lwanj li! Rakonte tout mèvèy li te fè yo! 3 Fè kè
nou kontan paske se moun pa l' nou ye. Wi, se pou tout
moun k'ap sèvi Seyè a fè fèt! 4 Ale jwenn Seyè a pou
l' ka ede nou, toujou chache rete devan li. 5 -(we vèsè
pwochen) 6 Nou menm, pitit pitit Abraram, sèvitè Bondye,
nou menm, pitit pitit Jakòb yo, nou menm Bondye chwazi,
chonje mirak ak mèvèy li te fè. Chonje jijman ki te soti nan
bouch li! 7 Seyè a se Bondye nou li ye. Lè li pase yon lòd
se pou tout latè. 8 -(we vèsè pwochen) 9 L'ap toujou
chonje kontra li te pase ak Abraram. L'ap kenbe pwomès
li, pwomès li fè Izarak la pou tout tan tout tan. 10 Sa li te
pwomèt Abraram lan, li fè l' tounen yon lwa pou pitit Jakòb
yo, yon kontra ak pèp Izrayèl la pou tout tan. 11 Li te di: -
M'ap ba ou peyi Kanaran an pou pòsyon ki rele ou pa ou
nan byen m' yo. 12 Lè sa a, pèp Bondye a pa t' anpil, yo
te sèlman yon ti ponyen moun, yo te tankou etranje toujou
nan peyi a. 13 Yo t'ap mache ale vini nan tout nasyon
yo, yo t'ap soti nan yon peyi ale nan yon lòt. 14 Men, li
pa t' kite pesonn maltrete yo. Li te menm rive pini anpil
wa poutèt yo. 15 Li te di: Piga nou manyen moun mwen
chwazi yo. Piga nou fè pwofèt mwen yo anyen. 16 Lè
Seyè a te voye yon grangou sou peyi yo a, lè li te koupe
tout viv yo, 17 li te voye Jozèf devan yo, menm Jozèf yo te
vann tankou esklav la. 18 Yo te mete pye l' nan sèp, yo te
pase yon chenn nan kou li, 19 jouk sa li te di a te rive vre.
Konsa, pawòl Seyè a te fè wè se Jozèf ki te gen rezon.
20 Wa peyi Lejip la te wete l' nan chenn yo, chèf nasyon
yo te fè lage l'. 21 Li mete l' chèf sou tout moun lakay li, li
mete l' pou l' gouvènen tout peyi a. 22 Li ba li kat blanch
sou tout chèf yo, li ba li otorite pou l' moutre notab yo sa
pou yo fè. 23 Apre sa, Jakòb te desann nan peyi Lejip
ansanm ak tout pitit li yo. Li pase kèk tan nan peyi pitit
Kam yo. 24 Seyè a te fè pèp li a peple anpil. Li te fè l' vin
pi fò pase lènmi l' yo. 25 Li fè moun peyi Lejip yo rayi
pèp li a: Yo aji mal ak li, yo twonpe li. 26 Lè sa a, li voye
Moyiz, yon moun ki t'ap sèvi l', ansanm ak Arawon, yon
moun li te chwazi. 27 Avèk pouvwa li, yo te fè mèvèy nan
peyi pitit Kam yo. Yo te fè anpil mirak nan peyi Lejip. 28 Li
voye fènwa kouvri tout peyi a. Men, moun peyi Lejip yo pa
t' koute sa l' te di yo. 29 Li fè dlo larivyè yo tounen san, li
touye tout pwason ladan yo. 30 Krapo te pran tout peyi a
pou yo, yo te rive jouk anndan kay wa a. 31 Bondye annik
pale, mouchavè ak vèmin parèt, yo kouvri tout peyi a. 32
Li pa ba yo lapli, li voye lagrèl pito ak kout zèklè sou peyi
a. 33 Li te detwi tout pye rezen ak tout pye figfrans yo. Li
jete tout pyebwa nan peyi a atè. 34 Bondye annik pale,
chwalbwa parèt, chini vide an kantite. 35 Yo devore tout ti
plant nan peyi a, yo manje tout rekòt nan jaden yo. 36
Bondye touye premye pitit gason nan tout fanmi nan peyi
Lejip la. Wi, li touye tout premye pitit gason yo. 37 Apre

sa, li fè pèp Izrayèl la pati avèk kantite lò ak ajan. Anyen
pa t' rive yo yonn menm. 38 Moun peyi Lejip yo te fè fèt lè
yo pati paske yo te pè anpil. 39 Seyè a mete yon nwaj
pou pwoteje yo lajounen, yon dife pou klere yo lannwit. 40
Yo mande l' vyann, li ba yo zòtolan. Li ba yo pen ki soti
nan syèl pou plen vant yo. 41 Li fann yon gwo wòch, sous
dlo pete, dlo pran koule nan dezè a tankou larivyè. 42
Li te chonje pwomès li te fè a, pawòl li te bay Abraram,
sèvitè l' la. 43 Se konsa li te fè pèp li a soti ak kè kontan,
li te fè pèp li te chwazi a rele sitèlman yo te kontan. 44 Li
ba yo tè lòt nasyon yo, li kite yo ranmase rekòt jaden lòt
moun, 45 pou pèp li a te ka kenbe lòd li yo, pou yo te ka
obeyi kòmandman li yo. Lwanj pou Seyè a!

106 Lwanj pou Seyè a! Wi, lwanj pou Seyè a paske
li bon: li p'ap janm sispann renmen nou. 2 Ki
moun ki ka rakonte tout gwo bagay Seyè a fè? Ki moun ki
ka fin fè lwanj li? 3 Ala bon sa bon pou moun ki fè sa
Bondye mande l' fè, ki toujou ap fè sa ki dwat devan li! 4
Seyè, jan ou gen kè sansib pou pèp ou a, pa bliye m'.
Pa bliye m', lè w'ap vin delivre yo. 5 Konsa, m'a wè jan
moun ou chwazi yo alèz. M'a fè kè m' kontan ansanm
ak pèp ou a. M'a pran plezi m' ansanm ak moun ki pou
ou yo. 6 Tankou zansèt nou yo, nou te peche, nou te fè
mechanste, nou te fè sa ki mal. 7 Lè zansèt nou yo te
nan peyi Lejip, yo pa t' konprann mirak ou te fè pou yo. Yo
te bliye jan ou te renmen yo, yo leve dèyè Bondye ki gen
tout pouvwa a, lè yo te bò Lanmè Wouj la. 8 Men, li te
sove yo pou sa sèvi yon lwanj pou li, pou l' moutre jan li
gen pouvwa. 9 Li te pase Lanmè Wouj la lòd, lanmè a
cheche. Li fè pèp li mache nan fon lanmè a tankou si se
te nan yon dezè. 10 Li sove yo anba men moun ki te rayi
yo, li delivre yo anba men lènmi yo. 11 Dlo a neye tout
lènmi yo. Pa gen yonn ki chape. 12 Se lè sa a pèp li a
vin kwè sa l' te di a, yo chante pou fè lwanj li. 13 Men,
lamenm, yo bliye sa l' te fè pou yo. Yo pa t' tann li fin
fè pou yo sa l' te gen nan lide l'. 14 Yo kite lanvi pran
pye sou yo nan dezè a, yo t'ap gade ki bò Bondye ye
ak yo. 15 Se konsa, Bondye ba yo sa yo te mande l' la.
Men, li voye yon move maladi sou yo pou touye yo. 16
Antan yo la nan dezè a yo te rayi sò Moyiz ak sò Arawon,
sèvitè Bondye te chwazi a. 17 Se konsa latè a fann, li
vale Datan, li fèmen sou Abiram ansanm ak tout moun ki
te fè bann ak li yo. 18 Dife grennen sou tout bann lan, li
boule tout mechan yo. 19 Lè yo te Orèb, yo fè pòtre yon ti
towo bèf, yo adore zidòl yo te fè ak lò a. 20 Yo pran lwanj
ki pou Bondye a bay yon pòtre bèf ki manje zèb. 21 Yo
bliye Bondye ki te delivre yo a, avèk gwo mèvèy li te fè
nan peyi Lejip, 22 mirak li te fè nan peyi Kam lan, mèvèy
li tè fè bò Lanmè Wouj la. 23 Se konsa Bondye di l'ap
detwi pèp li a. Men, Moyiz, moun li te chwazi a, kanpe
devan li. Li mande l' pou l' pa fè kòlè jouk pou li ta detwi
yo. 24 Yo pa t' vle tande pale sou peyi kote pou yo jwenn
tout bon bagay la paske yo pa t' kwè pawòl Bondye. 25
Yo rete anba tant yo, y'ap bougonnen. Yo pa t' vle koute
Seyè a. 26 Lè sa a, Seyè a leve men l', li sèmante l'ap fè
yo peri nan dezè a. 27 L'ap gaye tout pitit pitit yo nan
mitan lòt nasyon yo, l'ap kite yo mouri toupatou nan peyi
etranje. 28 Men, pèp Bondye a mete tèt yo ansanm pou y'
al adore Baal lavil Peyò. Yo manje bèt yo te touye ofri
bay mò yo. 29 Sa te moute kolè Seyè a anpil sou yo lè li
wè sa yo t'ap fè. Se poutèt sa maladi tonbe sou yo. 30
Men, Fineas leve, li mete lòd, li pini koupab yo, epi pèp la
geri. 31 Bagay sa ki rive a te fè yo bay Fineas rezon depi
lè sa a pou tout tan. 32 Pèp la te fè Seyè a fache anpil
bò sous dlo Meriba a. Sa te fè Moyiz lapenn pou yo. 33
Sa te fè Moyiz sitèlman fache, li te rive fè bagay li pa t'
gen dwa fè. 34 Yo pa t' detwi moun lòt nasyon yo jan
Seyè a te mande yo fè a. 35 Men, okontrè, yo te marye
ak yo, yo pran tout vye mès yo. 36 Yo pran adore zidòl
yo. Sa tounen yon pèlen pou yo. 37 Yo ofri pwòp pitit
gason ak pwòp pitit fi yo pou touye bay zidòl yo. 38 Yo
touye ti inonsan sa yo, pwòp pitit gason ak pitit fi yo. Yo
ofri yo bay zidòl moun peyi Kanaran yo. Se konsa yo fin
derespekte tout peyi a ak san moun yo te touye. 39 Avèk
sa yo t'ap fè a, yo avili tèt yo, yo vire do bay Bondye. 40
Seyè a te fache anpil sou pèp li a. Li te degoute ak pitit li
yo. 41 Li lage yo nan men moun lòt nasyon yo. Moun ki te
rayi yo mete pye sou kou yo. 42 Lènmi yo t'ap peze yo,
yo te soumèt yo nèt anba men yo. 43 Seyè a te delivre
pèp li a anpil fwa. Men, yo te pito revòlte kont li, yo te
tonbe pi mal nan fè peche. 44 Men, Seyè a te wè mizè
yo, li te tande jan y'ap rele. 45 Li chonje kontra li te pase
ak yo, li gen pitye pou yo paske li renmen yo anpil. 46 Li
fè moun ki te kenbe yo prizonye gen pitye pou yo. 47
Delivre nou non, Seyè, Bondye nou. Fè nou soti nan tout
peyi kote nou gaye yo. Sanble nou non, pou nou ka di ou
mèsi pou tout bagay ou menm ase ou ka fè, pou nou
ka kontan lè n'ap fè lwanj ou. 48 Ann fè lwanj Seyè a,
Bondye pèp Izrayèl la! Ann fè lwanj li depi tout tan ak pou
tout tan! Epi tout pèp la pran reponn: Wi, se vre! Lwanj
pou Seyè a!

107 Lwanj pou Seyè a paske li bon! Li p'ap janm
sispann renmen nou! 2 Wi, moun Seyè a delivre,
se sa pou yo di! Li te delivre yo anba men lènmi yo, 3 li
mennen yo tounen soti nan mitan lòt nasyon yo ki sou bò
solèy leve ak sou bò solèy kouche, ki sou bò nò ak sou bò
sid. 4 Yo t'ap moute desann nan dezè a, kote ki pa gen
moun rete a. Yo pa t' kapab jwenn chemen pou ale nan
yon vil pou yo rete. 5 Yo t'ap mouri grangou. Swaf dlo t'ap
touye yo. Yo santi yo pa t' kapab ankò. 6 Anba tout tray
sa yo, yo rele nan pye Seyè a. Li wete yo nan lafliksyon
sa a. 7 Li kondi yo sou yon chemen ki pou mennen yo
dirèk dirèk nan yon vil kote moun rete. 8 Se pou yo di
Seyè a mèsi pou jan li pa janm sispann renmen yo, pou
bèl bagay li fè pou moun. 9 Li bay moun ki te swaf dlo
kont dlo pou yo bwè. Li bay moun ki t'ap mouri grangou
anpil bon bagay pou yo manje. 10 Gen ladan yo ki te
rete kote ki te fè nwa a, kote lavi yo te an danje anpil. Yo

te prizonye, yo t'ap soufri anba chenn, **11** paske yo te
derefize obeyi kòmandman Bondye ki anwo nan syèl la.
Yo pa t' okipe konsèy Bondye te ba yo. **12** Li te kraze
kouraj yo anba travay di. Yo tonbe atè. pa t' gen pesonn
pou ba yo men. **13** Anba tout tray sa yo, yo rele nan pye
Seyè a. Li wete yo nan lafliksyon sa a. **14** Li fè yo soti
kote ki fè nwa a. Li kase chenn ki te mare yo. **15** Se pou
yo di Seyè a mèsi pou jan li pa janm sispann renmen yo,
pou bèl bagay Bondye fè pou moun. **16** Li kraze gwo pòt
an fè yo. Li kase bawo an fè yo. **17** Gen ladan yo ki te vin
fou, akòz peche yo te fè. Yo t'ap soufri paske yo te fè
sa ki mal. **18** Yo pa t' menm anvi manje, yo te prèt pou
mouri. **19** Anba tout tray sa yo, yo rele nan pye Seyè a. Li
wete yo nan lafliksyon sa a. **20** Li louvri bouch li, li pale
epi yo geri. Li wete yo nan bouch twou a. **21** Se pou yo di
Seyè a mèsi pou jan li pa janm sispann renmen yo, pou
bèl bagay Bondye fè pou moun. **22** Se pou yo ofri bèt pou
touye ba li pou di l' mèsi. Se pou yo rakonte tou sa li fè.
Se pou yo chante tèlman yo kontan. **23** Gen ladan yo ki
vwayaje nan batiman sou lanmè. Yo t'ap fè trafik lakòt pou
yo viv. **24** Yo te wè sa Seyè a te fè. Yo te wè bèl bagay li
te fè sou lanmè. **25** Li louvri bouch li, li pale, yon gwo van
leve. Sa fè lanm lanmè yo move. **26** Batiman yo moute
anlè, yo desann nan fon lanm lanmè yo. Devan tout danje
sa yo, lèzòm pèdi kouraj yo. **27** Tèt yo vire, y'ap kilbite
tankou moun ki sou. Yo pèdi tout ladrès yo. **28** Anba
tout tray sa yo, yo rele nan pye Seyè a. Li wete yo nan
lafliksyon sa a. **29** Li kase gwo van an. Lanm lanmè yo
sispann fè bri. Kalmi fèt. **30** Yo te kontan lè yo wè lanmè
a vin bèl. Seyè a fè yo antre san danje nan pò kote yo
t'aprale a. **31** Se pou yo di Seyè a mèsi pou jan li pa janm
sispann renmen yo, pou bèl bagay Bondye fè pou moun.
32 Se pou yo fè konnen jan li gen pouvwa lè pèp li reyini.
Se pou yo fè lwanj li devan konsèy chèf fanmi yo. **33**
Seyè a fè larivyè yo cheche nèt. Li fè sous yo pa bay dlo
ankò. **34** Li te fè tè ki konn bay bèl rekòt yo tounen salin,
paske moun ki t'ap viv la a t'ap fè twòp mechanste. **35** Li
fè dezè yo tounen ma dlo. Li fè sous dlo pete kote ki te
gen tè sèk. **36** Se la li fè moun ki te grangou yo moute
kay yo. Yo bati yon lavil pou yo rete. **37** Yo fè anpil jaden,
yo plante pye rezen ki bay bèl rekòt. **38** Li beni yo, li ba
yo anpil pitit, li pa kite bèt yo depeple. **39** Apre sa, yo
vin yon ti ponyen moun, yo pèdi pye, paske moun t'ap
peze yo, yo t'ap soufri, yo te nan mizè. **40** Men, Bondye ki
moutre jan li ka meprize grannèg yo, li menm ki fè yo
moute desann nan dezè a, san yo pa konn kote yo prale
a, **41** se li ki wete pòv malere yo nan mizè. Se li ki fè yo fè
pitit tankou chini. **42** Moun ki mache dwat yo wè sa, yo
kontan. Men, mechan yo rete ak bouch yo fèmen. **43** Se
pou moun ki gen konprann chache konprann bagay sa yo!
Se pou yo rekonèt jan Seyè a gen bon kè!

108 Se yon chante David. Mwen pare, Bondye. Mwen
pral chante, mwen pral fè lwanj ou ak tout kè
mwen. **2** M'ap pran gita mwen, m'ap pran bandjo mwen,
mwen pral fè solèy leve! **3** Seyè, m'a fè lwanj ou nan
mitan pèp yo! M'a chante pou ou nan mitan tout nasyon
yo! **4** Ou renmen nou anpil anpil, ou toujou kenbe pawòl
ou. **5** Bondye, fè wè nan syèl la jan ou gen pouvwa! Fè
yo wè pouvwa ou sou tout latè! **6** Delivre nou ak pouvwa
ou! Reponn nou lè nou lapriyè nan pye ou, pou moun ou
renmen anpil yo ka jwenn delivrans. **7** Bondye rete kote ki
apa pou li a, li di: -Mwen kontan anpil. Mwen pral separe
lavil Sichèm. Mwen pral fè apantaj Fon Soukòt. **8** Peyi
Galarad, se pou mwen li ye. Peyi Manase tou. M'ap fè
peyi Efrayim tounen yon kas pou pwoteje tèt mwen. Peyi
Jida, se baton kòmandman m' li ye. **9** Men, m'ap fè peyi
Moab sèvi m' kivèt pou m' fè twalèt mwen. M'ap poze men
m' sou peyi Edon. Peyi Filisti a menm, m'ap mache pran l'
ak kè kontan. **10** Ki moun ki pou mennen m' nan lavil ki
byen gade a? Ki moun ki pou mennen m' lavil Edon? **11**
Eske se pa ou menm, Bondye, ki pou fè sa pou mwen, ou
menm ki te vire do ban nou, ou menm ki pa soti ansanm
ak lame nou yo ankò? **12** Tanpri, ede nou goumen kont
lènmi nou yo, paske sekou lèzòm se pawòl nan bouch. **13**
Avèk Bondye bò kote nou, n'a fè bèl bagay nan lagè. Se li
menm k'ap kraze lènmi nou yo anba pye l'.

109 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm David. Bondye,
m'ap fè lwanj ou! Tanpri, pa rete san ou pa di
anyen. **2** Yon bann mechan ak yon bann mantò ap pale
m' mal. Y'ap fè manti sou mwen. **3** Kote m' pase, moun ki
rayi m' yo ap pale m' mal. Y'ap fè m' lagè san mwen pa fè
yo anyen. **4** Mwen renmen yo, men yo menm yo pa vle
wè m'. Pou mwen menm, m'ap lapriyè nan pye ou. **5** M'ap
fè byen pou yo, yo menm y'ap fè m' mal. Mwen renmen
yo, men yo menm yo rayi m'. **6** Pran yon mechan, mete l'
chèf sou lènmi m' lan. Moun ki la pou pran defans li, se
li ki pou kanpe akize li. **7** Lè yo jije l', se pou yo jwenn
li koupab. Menm lapriyè l'ap fè yo, se pou yo pase pou
peche. **8** Se pou l' pa gen anpil jou pou l' viv ankò. Se
pou yon lòt moun pran plas li nan travay li. **9** Se pou pitit
li yo rete san papa. Se pou madanm li vin vèv. **10** Se
pou pitit li yo tounen vakabon k'ap mande. Se pou yo
mete yo deyò nan vye kay kraze kote yo rete a. **11** Se
pou moun ki te prete l' lajan mete men sou tou sa ki pou
li. Se pou etranje piye rekòt jaden li. **12** Se pou pesonn
pa zanmi l' ankò. Se pou pesonn pa gen pitye pou pitit li
kite. **13** Se pou tout pitit pitit li yo mouri. Se pou timoun
k'ap vini yo bliye non li. **14** Se pou Seyè a toujou chonje
tou sa zansèt li yo te fè ki mal, pou l' pa janm padonnen
peche manman l' yo. **15** Se pou Seyè a pa janm bliye
peche yo te fè. Se pou li fè moun bliye yo nèt sou latè, **16**
paske li pa janm chonje gen pitye pou pesonn. Li pèsekite
malere yo, endijan yo, moun ki san sekou, jouk li touye
yo. **17** Li renmen bay madichon. Se pou madichon tonbe
sou li. Li pa renmen bay benediksyon. Se pou pesonn
pa ba li benediksyon. **18** Tout kò l' se madichon! Se pou
madichon pase l' nan san. Se pou madichon antre nan
tout zo nan kò l'. **19** Se pou madichon kouvri l' tankou dra.
Se pou madichon mare nan ren l' tankou yon sentiwon.
20 Se konsa pou Seyè a pini moun ki pa vle wè m' yo,

moun k'ap pale m' mal yo. **21** Men, Seyè, Bondye mwen,
fè kichòy pou mwen non, pou sa sèvi yon lwanj pou ou.
Delivre m' non paske ou p'ap janm sispann renmen m'. **22**
Se yon pòv malere san sekou mwen ye, kè m' ap fann. **23**
Kò m' ap tchoule tankou solèy k'ap kouche. Mwen tankou
bigay van ap pote ale. **24** Jenou m' fèb sitèlman mwen pa
manje. Mwen tounen zo ak po. Mwen fèb anpil! **25** Lè
moun wè m', y'ap fè siy sou mwen, y'ap pase m' nan rizib.
26 Ede m' non, Seyè, Bondye mwen! Delivre m' paske ou
gen bon kè. **27** Se pou lènmi m' yo konnen se ou menm,
Seyè, k'ap delivre m'. **28** Yo mèt ban m' madichon. Men,
ou menm, w'ap ban m' benediksyon. Se pou moun ki pa
vle wè m' yo wont. Men, mwen menm k'ap sèvi ou la, se
pou m' gen kè kontan. **29** Se pou moun ki pa vle wè m' yo
wont, se pou dezonè tonbe sou yo. **30** M'ap louvri bouch
mwen tout lajè pou m' di Seyè a mèsi. M'ap fè lwanj li lè
tout pèp la reyini, **31** paske li pran defans pòv malere a, li
delivre l' anba men moun ki te kondannen l' yo.

110 Se yon sòm David. Seyè a pale ak wa a, chèf
mwen an, li di: -Chita la sou bò dwat mwen, jouk
tan mwen fè lènmi ou yo tounen yon ti ban pou lonje pye
ou. **2** Seyè a va fè ou dominen sou peyi ki lòt bò fwontyè
peyi Siyon. Li di ou: -Gouvènen sou tout lènmi ou yo. **3**
Jou w'ap pare pou konbat lènmi ou yo, pèp ou a va prese
vin ba ou konkou. Tankou lawouze nan granmaten, jenn
gason ou yo va vin jwenn ou sou mòn ki apa pou Bondye
a. **4** Seyè a te sèmante, l'ap toujou kenbe pawòl li: -Ou se
prèt pou tout tan, menm jan ak Mèlkisedèk. **5** Seyè a
kanpe sou bò dwat ou. Lè l' ankòlè l'ap krabinen wa yo. **6**
L'ap jije nasyon yo, l'ap anpile kadav sou kadav, l'ap kraze
chèf yo toupatou sou latè. **7** Wa a ap bwè dlo larivyè k'ap
koule bò wout la. Se poutèt sa li p'ap janm bese tèt devan
lènmi l' yo.

111 Lwanj pou Seyè a! M'a fè lwanj Seyè a ak tout kè
m', nan mitan moun ki mache dwat yo, nan mitan
pèp Bondye a lè yo reyini. **2** Bagay Seyè a fè se gwo
zafè! Tout moun ki kontan wè yo ap chache konprann yo.
3 Tou sa li fè, se respè, se chapo ba. Jistis li la pou tout
tan. **4** Seyè a pa kite nou bliye bèl mèvèy li fè yo. Li gen
pitye pou nou, li gen bon kè. **5** Li bay moun ki gen krentif
pou li manje, li pa janm bliye kontra li pase ak nou an. **6**
Li fè pèp li wè jan li gen pouvwa nan sa l'ap fè. Li ba yo
tè lòt nasyon yo pou byen pa yo. **7** L'ap kenbe pawòl
li, li san patipri nan tou sa l'ap fè. Nou mèt konte sou
kòmandman li yo. **8** Yo la pou tout tan, paske se bagay ki
dwat, se bagay ki vre. **9** Li delivre pèp li a, li pase ak
yo yon kontra ki p'ap janm kase. Se Bondye tout bon li
ye. Li merite vre pou moun pè li! **10** Lè ou gen krentif
pou Bondye, se lè sa a ou konmanse gen bon konprann!
Bondye ap bay moun ki gen krentif pou li bon jijman. Wi,
se tout tan pou yo fè lwanj li.

112 Lwanj pou Seyè a! Ala bon sa bon pou moun ki
gen krentif pou Seyè a, ki pran tout plezi l' nan fè
sa li mande! **2** Pitit li yo va grannèg nan peyi a. Bondye
ap toujou voye benediksyon sou pitit moun ki mache dwat
devan li. **3** Li alèz lakay li, li gen anpil richès. L'ap toujou
fè sa ki dwat devan Bondye. **4** Nan mitan fènwa a, yon
limyè klere pou moun ki mache dwat yo, pou moun ki gen
kè sansib, moun ki gen bon kè ak moun ki pa nan patipri.
5 Ala bon sa bon pou moun ki gen bon kè, pou moun ki
konn prete moun, pou moun ki mennen trafik li san fè vis!
6 Li p'ap janm bite. Yo p'ap janm bliye l'. **7** Kè l' p'ap kase
lè li pran move nouvèl. Li gen yon konfyans fèm nan Seyè
a. **8** Anyen p'ap brannen l', li pa pè anyen. Se konsa l'ap
kanpe gade moun ki pa vle wè l' yo. **9** Li bay moun ki nan
nesesite san gad dèyè. L'ap toujou fè sa ki dwat devan
Bondye. L'ap gen pouvwa, y'ap respekte l'. **10** Lè mechan
wè sa, li move. li manje dan l', kè l' grenn. Tou sa mechan
an t'ap tann lan pa rive.

113 Lwanj pou Seyè a! Nou menm k'ap sèvi Seyè
a, fè lwanj li! **2** Se pou nou nonmen non l' depi
koulye a epi pou tout tan tout tan. **3** Depi kote solèy leve
jouk kote solèy kouche, se pou yo fè lwanj Seyè a! **4**
Seyè a dominen sou tout nasyon yo. Pouvwa li moute pi
wo pase syèl la. **5** Pa gen tankou Seyè a, Bondye nou
an. Li chita anwo nèt. **6** Li bese je l' pou l' wè sa k'ap
pase nan syèl la ak sou latè a. **7** Li bay pòv malere a men
pou fè l' leve soti nan pousyè a. Li wete l' nan mizè. **8** Li
fè l' chita menm kote ak chèf yo, wi, sou menm tab ak
chèf pèp li a. **9** Li bay fanm ki pa ka fè pitit la yon fanmi.
Li fè kè l' kontan lakay li, li ba l' pitit. Lwanj pou Seyè a!

114 Lè pèp Izrayèl la te soti nan peyi Lejip, lè pitit
pitit Jakòb yo te kite peyi etranje yo, **2** Bondye
chwazi branch fanmi Jida a pou pèp li, moun Izrayèl yo
pou byen pa l'. **3** Lè Lanmè Wouj la wè l', li pran kouri
san gad dèyè. Larivyè Jouden sispann koule desann. **4**
Mòn yo sote ponpe tankou bouk kabrit, ti mòn yo sote
ponpe tankou ti mouton. **5** Kisak pase ou, lanmè, kifè ou
pran kouri konsa? Ou menm larivyè Jouden, kisak rive
ou kifè ou sispann koule? **6** Nou menm mòn yo, sa nou
genyen pou n'ap sote ponpe konsa tankou bouk kabrit?
Nou menm ti mòn yo, poukisa n'ap sote ponpe tankou ti
mouton? **7** Ou menm latè, tranble devan Seyè a, devan
Bondye Jakòb la. **8** Se li menm ki fè gwo wòch la tounen
yon basen dlo, li fè wòch la tounen yon sous dlo.

115 Non! Lwanj lan pa pou nou, Seyè! Se pa pou nou
lwanj lan ye, Seyè! Non! Se pa pou nou! Men,
se pou ou menm sèl, paske ou renmen nou, paske ou
toujou kenbe pawòl ou! **2** Poukisa moun lòt nasyon yo ap
mande: -Kote Bondye nou an? **3** Bondye nou an, se nan
syèl la li ye, Li fè sa l' vle. **4** Zidòl pa yo, se bagay ki fèt
ak ajan ak lò. Se moun ki fè yo ak men yo. **5** Yo gen
bouch, men yo pa ka pale. Yo gen je, men yo pa ka wè. **6**
Yo gen zòrèy, men yo pa ka tande. Yo gen nen, men yo
pa ka pran okenn sant. **7** Yo gen men, men yo pa ka
manyen anyen. Yo gen pye, men yo pa ka mache. Pa
menm yon ti son pa ka soti nan gòj yo. **8** Moun ki fè zidòl
yo ansanm ak tout moun ki mete konfyans yo nan yo,

se pou yo tounen tankou yo. **9** Nou menm, pèp Izrayèl
la, mete konfyans nou nan Seyè a. Se li menm k'ap ede
nou, se li ki tout pwoteksyon nou. **10** Nou menm, prèt
Bondye yo, mete konfyans nou nan Seyè a. Se li menm
k'ap ede nou, se li ki tout pwoteksyon nou. **11** Nou tout ki
gen krentif pou Seyè a, mete konfyans nou nan li. Se
li menm k'ap ede nou, se li ki tout pwoteksyon nou. **12**
Seyè a p'ap janm bliye nou, l'ap ban nou benediksyon li.
L'ap beni pèp Izrayèl la, l'ap beni prèt Bondye yo. **13** L'ap
beni tout moun ki gen krentif pou li, piti kou gran. **14** Se
pou Seyè a ba ou anpil benediksyon. Se pou l' beni pitit
ou yo tou. **15** Se pou Seyè a ki fè syèl la ak latè a voye
benediksyon li sou nou! **16** Syèl la se pou Seyè a li ye. Li
bay moun latè pou yo. **17** Se pa moun mouri k'ap fè lwanj
Seyè a. Non! Se pa moun ki desann kote mò yo ye a k'ap
fè lwanj li. **18** Men, nou menm ki vivan, n'ap di l' mèsi depi
koulye a ak pou tout tan tout tan. Lwanj pou Seyè a!

116 Mwen renmen Seyè a, paske li tande mwen, li
koute lapriyè mwen. **2** Li te panche zòrèy li bò
kote m' chak fwa mwen rele l'. **3** Lanmò te fin vlope m'.
Privye lanmò te tonbe sou mwen yon sèl kou. Kè m' te
kase, mwen te nan gwo lapenn. **(Sheol h7585)** **4** Lè m' wè
sa, mwen rele Seyè a. Mwen di li: -Tanpri, Seyè, delivre
m' non! **5** Seyè a gen kè sansib, li pa gen patipri. Bondye
nou an gen bon kè. **6** Seyè a pwoteje moun ki san sekou.
Lè mwen te nan malè, se li ki te sove mwen. **7** Mwen mèt
rete kè poze, paske Seyè a te bon pou mwen. **8** Seyè, ou
delivre m' anba lanmò. Ou fè m' sispann kriye. Ou pa kite
m' bite. **9** Se konsa m'a mache devan Seyè a, nan peyi
moun vivan yo. **10** Mwen te kenbe konfyans mwen fèm
nan Seyè a, menm lè m' t'ap di: -Malè pa manke tonbe
sou mwen! **11** menm nan tèt chaje mwen te ye a, lè m'
t'ap di: -Ou pa ka fè pesonn konfyans! **12** Kisa m'a fè pou
Seyè a, pou tout byen li fè pou mwen yo? **13** M'a ofri yon
bwason bay Seyè a, paske li delivre m'. M'a rele l' pou m'
di l' mèsi. **14** Nan mitan tout pèp Bondye a, lè yo reyini,
m'a fè sa m' te pwomèt li a. **15** Sa fè Seyè a lapenn anpil
lè li wè yonn nan moun k'ap sèvi l' yo mouri! **16** Seyè,
mwen se yonn nan sèvitè ou yo. Mwen se pitit manman
m' ki te toujou sèvi ou. Se ou ki te kase kòd ki te mare m'
yo. **17** M'ap ofri bèt pou yo touye bay Seyè a, m'ap rele l'
pou m' di l' mèsi. **18** -(we vèsè pwochen) **19** Nan mitan
tout pèp Bondye a, lè yo reyini, nan mitan kay li a, nan
mitan lavil Jerizalèm m'a fè sa m' te pwomèt li a. Lwanj
pou Seyè a!

117 Nou menm nasyon yo, fè lwanj Seyè a! Nou
menm tout pèp yo, fè lwanj li! **2** Paske, li renmen
nou anpil anpil, l'ap toujou kenbe pawòl li. Lwanj pou Seyè
a!

118 Fè lwanj Seyè a paske li bon. Li p'ap janm
sispann renmen nou! **2** Se pou pèp Izrayèl la di:
-Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **3** Se pou prèt k'ap
sèvi Bondye yo di: -Wi, li p'ap janm sispann renmen nou!
4 Se pou tout moun ki gen krentif pou Bondye di: -Wi, li
p'ap janm sispann renmen nou! **5** Nan tray mwen te ye a,
mwen rele Seyè a, li reponn mwen, li delivre m'. **6** Seyè a
pou mwen, mwen pa pè anyen. Kisa moun ka fè m'? **7** Se
Seyè a k'ap ede mwen. Se konsa m'ap kanpe gade moun
ki rayi m' yo. **8** Pito yon moun chache pwoteksyon anba
zèl Seyè a pase pou l' mete konfyans li nan moun. **9** Pito
yon moun chache pwoteksyon anba zèl Seyè a pase pou
l' konte sou chèf. **10** Tout nasyon yo te sènen m', Men,
avèk pouvwa Seyè a, mwen kraze yo nèt. **11** Yo te sènen
m', yo te kwense m'. Men, avèk pouvwa Seyè a, mwen
kraze yo nèt. **12** Yo te kouvri m' tankou myèl. Men, yo
mouri tankou dife nan pay. Avèk pouvwa Seyè a, mwen
kraze yo nèt. **13** Yo te ban m' yon bourad pou fè m' tonbe.
Men, Seyè a te pote m' sekou. **14** Se Seyè a ki tout fòs
mwen, se pou li m'ap chante. Se li menm ki delivre m'.
15 Tande jan moun k'ap mache dwat devan Bondye yo
ap rele anndan lakay yo, sitèlman yo kontan! Yo genyen
batay la, yo delivre. Seyè a fè bèl bagay avèk pouvwa li.
16 Pouvwa Seyè a se yon pakèt afè. Seyè a fè bèl bagay
ak pouvwa li. **17** Non, mwen p'ap mouri. M'a viv! M'a
rakonte sa Seyè a fè pou mwen. **18** Li te pini m' byen pini.
Men, li pa t' touye m'. **19** Louvri pòt kay Bondye ki fè m'
jistis la pou m' antre, pou m' di Seyè a mèsi. **20** Men pòt
kay Seyè a! Se moun ki mache dwat devan l' sèlman ki ka
pase ladan l'. **21** Seyè, m'ap di ou mèsi paske ou te koute
m', paske se ou menm ki delivre m'. **22** Wòch moun ki t'ap
bati yo te voye jete a, se li menm ki tounen wòch ki kenbe
kay la. **23** Sa se travay Seyè a menm! Se bèl bagay pou
nou wè sa! **24** Ala yon bèl jounen Seyè a ban nou! Ann
pase jounen an ap fè fèt, ann fè kè nou kontan! **25** Aa!
Seyè! Tanpri, delivre nou! Tanpri, fè nou reyisi nan tou sa
n'ap fè! **26** Benediksyon pou moun ki vini nan non Seyè a!
Nou menm ki nan kay Seyè a, n'ap beni nou. **27** Seyè a
se Bondye li ye. Li wete nou nan fènwa kote nou te ye a.
Avèk branch bwa nan men nou, ranje nou pou nou fè tout
tou lotèl la. **28** Se ou ki Bondye mwen, m'ap di ou mèsi.
Bondye mwen, m'ap di jan ou gen pouvwa! **29** Fè lwanj
Seyè a paske li bon. Li p'ap janm sispann renmen nou!

119 Ala bon sa bon pou moun k'ap mennen yon lavi
san repwòch, pou moun k'ap mache dapre lalwa
Seyè a! **2** Ala bon sa bon pou moun ki kenbe prensip li
yo, pou moun k'ap chache obeyi l' ak tout kè yo! **3** Moun
konsa p'ap fè mal, y'ap mache nan chemen li mete devan
yo. **4** Ou ban nou lòd pou nou swiv. Ou mande pou nou
obeyi yo san manke yonn. **5** Jan m' ta renmen kenbe fèm
pou m' toujou fè sa ou mande! **6** Konsa, mwen p'ap janm
wont lè m'ap kalkile kòmandman ou yo. **7** M'a fè lwanj
ou avèk yon konsyans ki pwòp, lè m' aprann tou sa ou
deside nan jistis ou. **8** Mwen vle fè tou sa ou mande.
Tanpri, pa lage m'. **9** Kisa yon jenn gason dwe fè pou l'
mennen bak li dwat? Se pou l' toujou mache jan ou di l'
mache a. **10** Mwen chache obeyi ou ak tout kè mwen. Pa
kite m' dezobeyi kòmandman ou yo. **11** Mwen sere pawòl
ou yo nan kè mwen, pou m' pa fè peche kont ou. **12** Mèsi,

Bondye. Moutre m' tou sa ou vle m' fè. **13** M'ap repete ak
bouch mwen tout jijman ki soti nan bouch ou. **14** Mwen
pran plezi m' pou m' mache dapre prensip ou yo, tankou
si m' te gen tout richès sou latè. **15** M'ap kalkile sa ou
ban nou lòd fè. M'ap egzaminen chemen ou mete devan
nou. **16** Mwen pran tout plezi m' nan fè sa ou mande.
Mwen p'ap bliye pawòl ou yo. **17** Aji byen avè m', mwen
menm k'ap sèvi ou la, pou m' ka viv, pou m' ka fè tou sa
ou di m' fè. **18** Louvri je m' pou m' ka wè bèl bagay ki nan
lalwa ou la. **19** Se pase m'ap pase sou tè a. Tanpri, pa
anpeche m' konnen kòmandman ou yo. **20** Se tout tan
kè m' ap bat, tèlman mwen anvi konnen sa ou deside.
21 Ou rele dèyè awogan yo, bann madichon sa yo k'ap
dezobeyi kòmandman ou yo. **22** Pa kite yo joure m', pa
kite yo meprize m', paske mwen te kenbe prensip ou yo.
23 Menm si chèf yo chita pou pale m' mal, mwen menm
k'ap sèvi ou la, m'ap kalkile sou sa ou vle m' fè a. **24**
Prensip ou yo fè kè m' kontan. Se yo ki ban m' konsèy sa
pou m' fè. **25** Mwen kouche atè nan pousyè a! Ban m' lavi
ankò, jan ou te pwomèt la. **26** Mwen di ou tou sa m' te fè,
ou reponn mwen. Tanpri, moutre m' tou sa ou vle m' fè.
27 Fè m' konprann ki jan pou m' swiv lòd ou ban mwen yo.
M'a kalkile bèl bagay ou fè yo. **28** Mwen gen lapenn, dlo
ap koule nan je m'. Mete m' sou de pye m' ankò, jan ou te
pwomèt la. **29** Pa kite m' lage kò m' nan bay manti. Fè m'
favè sa a, moutre mwen lalwa ou. **30** Mwen pran desizyon
pou m' swiv verite a. M'ap kenbe jijman ou yo devan je
mwen. **31** Mwen swiv prensip ou yo pwen pa pwen. Seyè,
pa kite m' pran wont. **32** M'ap prese obeyi kòmandman
ou yo lè ou louvri lespri mwen. **33** Seyè, moutre m' jan
pou m' swiv lòd ou yo, pou m' obeyi yo jouk sa kaba. **34**
Ban m' lespri pou m' ka obeyi lalwa ou, pou m' fè sa l'
mande a ak tout kè mwen. **35** Fè m' viv yon jan ki dakò ak
kòmandman ou yo, paske se nan yo mwen jwenn tout
plezi m'. **36** Fè m' pi anvi swiv prensip ou yo pase pou m'
anvi gen lajan. **37** Pa kite m' kouri dèyè bagay ki pa vo
anyen. Fè m' swiv chemen ou mete devan m' lan. **38**
Kenbe pwomès ou te fè sèvitè ou la, pwomès ou te fè pou
moun ki gen krentif pou ou. **39** Pa kite yo joure m', mwen
pè bagay konsa. Ala bon jijman ou yo bon! **40** Ou wè jan
m' anvi swiv lòd ou yo! Nan jistis ou, tanpri, ban m' lavi
ankò! **41** Fè m' wè jan ou renmen m', Seyè! vin delivre m',
jan ou te pwomèt la. **42** Lè sa a, m'a gen repons pou m'
bay moun k'ap joure m' yo, paske mwen gen konfyans
nan pawòl ou. **43** Pa janm wete pawòl verite a nan bouch
mwen, paske mwen mete tout espwa mwen nan jijman ou
yo. **44** M'ap toujou obeyi lalwa ou la, pou tout tan tout tan.
45 M'a mache alèz san anyen pa jennen m', paske m'ap
toujou chache swiv lòd ou yo. **46** M'a fè wa yo konnen
prensip ou yo, mwen p'ap wont fè sa. **47** Mwen pran
tout plezi m' nan obeyi kòmandman ou yo, paske mwen
renmen yo. **48** M'ap respekte kòmandman ou yo, paske
mwen renmen yo. M'ap kalkile sou sa ou vle m' fè a. **49**
Chonje sa ou te di sèvitè ou la. Se sa ki te ban m' espwa.
50 Nan mizè mwen, tout konsolasyon m', se pwomès ou
fè m' lan. Se sa ki fè m' viv. **51** Yon bann awogan ap pase
m' nan betiz. Mwen pa janm dezobeyi lalwa ou. **52** Mwen
chonje sa ou te deside nan tan lontan. Seyè, se sa ki ban
m' kouraj. **53** Sa mete m' ankòlè, lè m' wè jan mechan
yo ap dezobeyi lalwa ou. **54** Mwen fè chante ak sa ou
mande m' fè, nan kay ki pa lakay mwen. **55** Lannwit se
ou m'ap chonje, Seyè. M'ap fè tou sa lalwa ou la mande
m' fè. **56** Pou mwen menm, men ki jan sa ye: se swiv
m'ap swiv tout lòd ou yo. **57** Seyè, mwen deja di ou sa:
pou mwen menm, se kenbe m'ap kenbe pawòl ou yo.
58 M'ap mande ou favè sa a ak tout kè m': Tanpri, gen
pitye pou mwen, jan ou te di l' la. **59** Mwen egzaminen jan
m'ap viv la. Mwen chanje pou m' ka mache dapre prensip
ou yo. **60** Mwen prese, mwen pa pran reta pou m' obeyi
kòmandman ou yo. **61** Mechan yo sènen m' toupatou ak
pèlen yo. Men, mwen pa janm bliye lalwa ou la. **62** Nan
mitan lannwit mwen leve pou m' di ou mèsi, paske tout
jijman ou yo san patipri. **63** Mwen se zanmi tout moun ki
gen krentif pou ou, zanmi tout moun k'ap swiv lòd ou yo.
64 Seyè, toupatou sou latè tout moun wè jan ou gen bon
kè. Moutre m' tou sa ou vle m' fè. **65** Ou te aji byen avè
m', sèvitè ou la, jan ou te pwomèt la. **66** Moutre m' sa ki
byen, louvri lespri m', ban m' konesans, paske mwen gen
konfyans nan kòmandman ou yo. **67** Anvan ou te pini m'
lan, mwen te konn fè sa ki mal. Men koulye a, m'ap fè tou
sa ou di m' fè. **68** Ou gen bon kè, ou pa fè mechanste.
Moutre m' sa ou vle m' fè. **69** Yon bann awogan ap fè
manti sou mwen. Men mwen menm, m'ap swiv lòd ou yo
ak tout kè m'. **70** Moun sa yo gen lespri yo bouche, men
mwen menm, mwen pran tout plezi m' nan lalwa ou la. **71**
Pinisyon an te bon nèt pou mwen! Li fè m' konnen sa ou
vle m' fè. **72** Lalwa ou ban mwen an gen plis valè pou
mwen pase tout richès ki sou latè. **73** Se ou ki te kreye
m', se ou ki te fè m' ak men ou. Ban m' lespri pou m' ka
aprann kòmandman ou yo. **74** Moun ki gen krentif pou ou
va fè fèt lè y'a wè m', paske mwen te mete tout espwa m'
nan pawòl ou. **75** Seyè, mwen konnen jijman ou yo san
patipri. Ou te pini m' paske ou toujou kenbe pawòl ou. **76**
Jan ou te pwomèt mwen sa, mwen menm sèvitè ou la,
konsole m', paske ou renmen m'. **77** Gen pitye pou mwen
pou m' ka viv, paske mwen pran tout plezi m' nan lalwa
ou. **78** Bann awogan sa yo k'ap fini avè m' san rezon an,
se pou yo wont. Mwen menm, m'ap kalkile lòd ou ban
mwen yo. **79** Se pou moun ki gen krentif pou ou ansanm
ak moun ki konnen prensip ou yo tounen vin jwenn mwen.
80 Se pou m' fè tou sa ou vle m' fè, san manke yonn, pou
m' pa janm wont. **81** Seyè, kè m' fè m' mal tèlman m'ap
tann ou vin delivre mwen. Mwen mete tout espwa mwen
nan pawòl ou. **82** Je m' yo fè m' mal tèlman m'ap veye sa
ou te pwomèt la. M'ap mande: -Kilè w'a vin konsole m'?
83 Mwen tankou yon vye kalbas ki pandye bò dife. Men,
mwen pa janm bliye sa ou mande m' fè. **84** Konbe jou
sèvitè ou la rete pou l' viv ankò? Kilè w'a pini moun k'ap
pèsekite m' yo? **85** Yon bann awogan fouye twou sou
wout mwen, yo p'ap fè sa ou mande nan lalwa a. **86** Tout

kòmandman ou yo se bagay ki sèten. Y'ap pèsekite m' san rezon. vin pote m' sekou! **87** Ti moso yo touye m'. Men, mwen menm, mwen pa janm dezobeyi lòd ou yo. **88** Paske ou renmen m', ban m' lavi ankò pou m' ka swiv prensip ki soti nan bouch ou. **89** Seyè, pawòl ou la pou tout tan. Y'ap toujou rete jan yo ye a nan syèl la. **90** Tout tan tout tan, w'ap toujou kenbe pawòl ou. Ou mete latè nan plas li, l'ap rete fèm. **91** Jouk jounen jòdi a, tout bagay sou latè rete jan ou vle l' la, paske yo tout se sèvitè ou yo ye. **92** Si mwen pa t' pran plezi m' nan fè sa ou mande m' fè, atòkonsa mwen ta fin mouri nan mizè mwen. **93** Mwen p'ap janm bliye lòd ou bay yo paske se gremesi yo ou ban m' lavi ankò. **94** Se moun ou mwen ye. Sove m' non! M'ap toujou swiv lòd ou yo. **95** Yon bann mechan ap veye pou yo touye m'. Men mwen menm, m'ap veye pou m' mache dapre prensip ou yo. **96** Mwen wè tou sa ki bon sou latè la pou yon ti tan. Men, kòmandman ou yo la pou tout tan. **97** Ala renmen mwen renmen lalwa ou la! Se tout lajounen m'ap kalkile sou li. **98** Kòmandman ou yo fè m' gen plis konprann pase lènmi m' yo. Kòmandman ou yo nan kè m' tout tan. **99** Mwen gen plis konprann pase tout pwofesè m' yo, paske m'ap kalkile sou prensip ou yo. **100** Mwen gen plis konprann pase granmoun cheve blan, paske mwen toujou swiv lòd ou yo. **101** Mwen veye pou m' pa mete pye m' nan move chemen, pou m' ka fè tou sa ou di m' fè. **102** Mwen pa janm vire do bay sa ou deside, paske se ou menm ki moutre mwen tout bagay. **103** Ala dous pawòl ou yo dous anba lang mwen! Yo pi dous pase siwo myèl nan bouch mwen. **104** Lòd ou yo fè m' konprann tout bagay, konsa mwen rayi tout bagay ki ka fè m' bay manti. **105** Pawòl ou se yon chandèl ki fè m' wè kote m'ap mete pye m', se yon limyè k'ap klere chemen mwen. **106** Mwen fè sèman, epi m'ap kenbe sèman an: M'ap fè tou sa ou deside nan jistis ou. **107** Seyè, m'ap soufri anpil anpil. Ban m' lavi ankò jan ou te pwomèt la. **108** Seyè, koute lè m'ap lapriyè pou m' di ou mèsi. Fè m' konnen tou sa ou deside. **109** Se tout tan lavi m' an danje. Men, mwen p'ap janm bliye lalwa ou. **110** Yon bann mechan tann pèlen pou mwen. Men, mwen pa t' dezobeyi lòd ou yo. **111** Prensip ou yo se byen m' pou tout tan, se yo ki fè kè m' kontan. **112** Mwen pran desizyon pou m' fè tou sa ou vle m' fè, tout tan jouk mwen mouri. **113** Mwen rayi moun ki pa konn sa yo vle. Mwen renmen lalwa ou. **114** Se ou ki defans mwen, se ou ki tout pwoteksyon mwen. Mwen mete tout espwa m' nan pawòl ou. **115** Wete kò nou sou mwen, bann mechan, pou m' ka obeyi kòmandman Bondye mwen an. **116** Soutni mwen, jan ou te pwomèt la, pou m' ka viv. Pa kite m' pran wont pou m' pa jwenn sa m'ap tann lan. **117** Kenbe m' pou m' ka delivre. M'ap toujou veye pou m' pa janm bliye sa ou vle m' fè. **118** Ou meprize tout moun ki desobeyi lalwa ou yo, paske tout plan y'ap fè yo p'ap sèvi yo anyen. **119** Ou konsidere mechan ki sou latè tankou fatra. Se poutèt sa mwen renmen prensip ou yo. **120** M'ap tranble nan tout kò m' sitèlman mwen pè ou. Wi, mwen pè jijman ou yo. **121** Mwen fè sa ki dwat ak sa ki bon. Tanpri, pa lage m' nan men lènmi m' yo. **122** Kanpe pou defann sèvitè ou la. Pa kite bann awogan yo mete pye sou kou mwen. **123** Je m' yo fè m' mal tèlman m'ap tann ou vin sove m', jan ou te pwomèt fè m' jistis la. **124** Jan ou gen bon kè sa a, aji byen ak sèvitè ou la. Moutre m' sa ou vle m' fè a. **125** Se sèvitè ou mwen ye, louvri lespri m', pou m' ka konnen prensip ou yo. **126** Seyè, li lè pou ou fè sa w'ap fè a, paske moun yo pa vle obeyi lalwa ou. **127** Se poutèt sa, mwen renmen kòmandman ou yo pi plis pase lò, menm pase lò ki pi bon an. **128** Se konsa, pou mwen menm tout lòd ou yo bon. Mwen rayi tout bagay ki ka fè m' bay manti. **129** Prensip ou yo se mèvèy. M'ap swiv yo ak tout kè m'. **130** Esplikasyon nou jwenn nan pawòl ou klere lespri nou. Yo louvri lespri moun ki san konprann yo pou yo konprann. **131** Mwen rete ak bouch mwen louvri, m'ap tann, tèlman m' anvi konnen kòmandman ou yo. **132** Vire gade m' non, gen pitye pou mwen, tankou ou toujou fè l' pou moun ki renmen ou yo! **133** Soutni m' avèk pawòl ou pou m' pa bite. Pa kite mechanste gen pye sou mwen. **134** Delivre m' anba men moun k'ap peze m' yo pou m' ka mache dapre lòd ou yo. **135** Se sèvi m'ap sèvi ou. Tanpri, fè m' santi ou la avè m'. Moutre m' sa ou vle m' fè. **136** Dlo ap kouri nan je m' tankou larivyè, paske moun pa vle obeyi lalwa ou. **137** Seyè, ou pa nan patipri. Ou jije tout moun menm jan. **138** Prensip ou bay yo, se bagay ki dwat, se bagay ki vre. **139** Tèlman mwen renmen lalwa ou, mwen santi se tankou yon dife k'ap boule tout anndan mwen, lè m' wè jan moun ki pa vle wè m' yo bliye pawòl ou yo. **140** Pawòl ou se pawòl sèten nèt. Sèvitè ou gen tan renmen li. **141** Mwen pa anyen, y'ap meprize m'. Men, mwen pa bliye lòd ou bay yo. **142** Jistis ou la pou tout tan, lalwa ou se verite. **143** Mwen nan tray, kè m' ap kase. Men, mwen pran tout plezi m' nan fè sa ou mande m' fè. **144** Prensip ou yo se bagay ki dwat pou tout tan. Ban m' bon konprann pou m' ka viv. **145** M'ap rele nan pye ou ak tout kè mwen. Reponn mwen, Seyè, pou m' ka toujou fè sa ou vle m' fè. **146** M'ap rele ou, sove m' non, pou m' ka mache dapre prensip ou yo! **147** Solèy poko leve, m'ap rele mande sekou. Tout espwa mwen se nan pawòl ou li ye. **148** Lannwit poko rive, mwen moute kabann mwen pou m' kalkile pawòl ou yo. **149** Seyè, koute sa m'ap di ou, paske ou gen bon kè. Ban m' lavi ankò, jan ou te pwomèt la. **150** Moun ki soti pou touye m' yo pwoche bò kote m'. Se moun sa yo ki vire do bay lalwa a depi lontan. **151** Men, ou toupre m', Seyè. Tout kòmandman ou yo se bagay ki vre. **152** Gen lontan depi mwen konnen prensip ou yo. Yo la pou tout tan. **153** Gade nan ki mizè mwen ye. Delivre m' non, paske mwen pa janm bliye lalwa ou! **154** Defann kòz mwen, delivre m'. Ban m' lavi ankò, jan ou te pwomèt la. **155** Mechan yo p'ap janm sove, paske yo p'ap chache konnen sa ou vle yo fè. **156** Seyè, ou pa manke gen kè sansib! Ban m' lavi ankò, jan ou te deside l' la. **157** Mwen gen anpil moun ki pa vle wè m'. Mwen pa janm mete prensip ou yo sou kote. **158** Lè m'ap gade

bann trèt sa yo, sa ban m' degoutans, paske se pa moun
k'ap obeyi pawòl ou. **159** Gade jan m' renmen lòd ou yo,
Seyè! Ban m' lavi ankò, paske ou renmen m'. **160** Tou
sa ki nan pawòl ou se verite. Tout jijman ou yo se jijman
ki san patipri. Yo la pou tout tan. **161** Yon bann chèf ap
pèsekite m' san rezon, men se pou pawòl ou yo mwen
gen krentif. **162** Pawòl ou fè kè m' kontan. Se tankou si m'
te jwenn yon gwo richès. **163** Mwen rayi bay manti, mwen
pa vle wè sa. Mwen renmen lalwa ou la anpil. **164** Sèt fwa
chak jou m'ap di ou mèsi pou jijman ou yo ki san patipri.
165 Moun ki renmen lalwa ou la ap viv ak kè poze. Pa gen
anyen ki pou fè yo bite. **166** M'ap tann ou vin delivre m',
Seyè. M'ap fè tou sa ou kòmande m' fè. **167** M'ap mache
dapre prensip ou yo, se pa ti renmen mwen renmen yo.
168 M'ap swiv lòd ou yo, m'ap fè tou sa ou vle m' fè, paske
ou konnen tout vire tounen m'. **169** Se pou rèl mwen rive
jouk nan zòrèy ou, Seyè. Jan ou te pwomèt la, ban m'
bon konprann. **170** Se pou lapriyè m' rive nan zòrèy ou.
Jan ou te pwomèt la, delivre m'. **171** Se pou m' louvri
bouch mwen pou m' fè lwanj ou, paske se ou ki moutre m'
sa ou vle m' fè. **172** Se pou m' chante pou m' fè konnen
pawòl ou yo, paske tout kòmandman ou yo dwat. **173** Se
pou ou vin ede m' ak fòs ponyèt ou, paske mwen pran
desizyon pou m' swiv lòd ou yo! **174** Ou wè jan m'ap tann
ou vin sove m'! Mwen jwenn tout plezi m' nan lalwa ou.
175 Ban m' lavi pou m' fè lwanj ou, pou ou ka vin ede m',
jan ou te deside l' la. **176** Mwen tankou yon mouton ki
pèdi bann li. Tanpri, vin chache m', paske mwen pa janm
bliye kòmandman ou yo.

120 Se yon chante pou yo chante lè y'ap moute lavil
Jerizalèm. Lè m' te nan tray, mwen te rele Seyè
a, li te reponn mwen. **2** Delivre m' non, Seyè, anba moun
k'ap bay manti, anba moun k'ap twonpe moun. **3** Ipokrit,
kisa ou merite Bondye fè ou? Kisa pou l' fè ou an plis? **4**
Eske se avèk flèch pwenti sòlda yo? Eske se avèk chabon
gayak tou limen? **5** Malè pou mwen, paske se tankou si
m' te rete nan mitan moun peyi Mechèk, osinon nan mitan
moun peyi Keda. **6** Mwen rete twò lontan ak yon bann
moun ki pa renmen viv ak kè poze! **7** Lè mwen menm
m'ap pale yo jan pou yo viv byen yonn ak lòt, yo menm se
yon sèl bagay ki nan tèt yo, se fè lagè.

121 Se yon chante pou yo chante lè y'ap moute lavil
Jerizalèm. Mwen leve je m', mwen gade mòn yo,
mwen di: -Ki bò m'a jwenn sekou? **2** Sekou mwen soti nan
men Seyè a. Se li menm ki fè syèl la ak latè a. **3** Li p'ap
kite pye ou chape, moun k'ap veye sou ou a p'ap janm
dòmi. **4** Moun k'ap veye sou pèp Izrayèl la p'ap kabicha, li
p'ap dòmi. **5** Se Seyè a k'ap veye sou ou, l'ap kanpe bò
dwat ou tankou lonbraj ou. Se li ki tout pwoteksyon ou. **6**
Lajounen, solèy la p'ap fè ou anyen, lannwit, lalin lan p'ap
fè ou anyen. **7** Seyè a ap pwoteje ou pou anyen pa rive
ou, li p'ap kite anyen rive ou. **8** L'ap pwoteje ou kit w'ap
antre, kit w'ap soti, depi koulye a ak pou tout tan.

122 Se yon chante David pou yo chante lè y'ap moute
lavil Jerizalèm. Ala kontan mwen te kontan lè yo
di m': -Ann ale lakay Seyè a. **2** Koulye a, men li: nou rive
devan pòtay lavil Jerizalèm. **3** Jerizalèm, ou se yon lavil
yo rebati, yon lavil kote tout bagay byen ranje. **4** Se la
tout branch fanmi yo ap vin sanble. Tout branch fanmi pèp
Seyè a, se la y'ap vini pou di Seyè a mèsi, jan li te ba yo
lòd pou yo fè a. **5** Se la pitit pitit David yo rete pou yo
dirije, pou yo gouvènen pep la. **6** Lapriyè Bondye pou
pa gen dezòd lavil Jerizalèm ankò. Se pou tout moun ki
renmen ou yo viv ak kè poze. **7** Se pou pa gen lagè sou
ranpa lavil la. Se pou nan palè wa a tout moun viv ak kè
poze. **8** Poutèt fanmi m' yo ak zanmi m' yo, m'ap di: -
Benediksyon Bondye sou lavil la! **9** Poutèt kay Seyè a,
Bondye nou an, ki nan lavil la, m'ap mande Bondye pou
fè kè ou kontan.

123 Se yon chante pou yo chante lè y'ap moute lavil
Jerizalèm. Ou menm ki chita sou fotèy ou nan
syèl la ap gouvènen, se bò kote ou mwen leve je mwen.
2 Menm jan domestik la ap gade sou mèt li, menm jan
sèvant la ap gade sou metrès li, se konsa m'ap gade sou
Seyè a, Bondye nou an, jouk l'a gen pitye pou nou. **3** Gen
pitye pou nou, Seyè, gen pitye pou nou, paske nou sibi
kont nou anba moun k'ap meprize nou yo. **4** Moun ki alèz
yo pase nou nan kont betiz. Moun k'ap gonfle lestonmak
yo sou moun ap foule nou anba pye yo.

124 Se yon chante David pou yo chante lè y'ap moute
lavil Jerizalèm. Si Seyè a pa t' kanpe pou nou, ki
jan sa ta ye! Se pou pèp Izrayèl la rekonèt sa. **2** Wi, si
Seyè a pa t' kanpe pou nou, lè moun yo te leve dèyè nou
an, **3** yo ta vale nou tou vivan, lè yo te move sou nou an.
4 Dlo ta kouvri nou, lavalas ta pase sou nou. **5** Wi, lavalas
ta pote nou ale. **6** Ann fè lwanj Seyè a ki pa kite lènmi
nou yo devore nou. **7** Nou chape tankou yon ti zwezo
ki chape soti nan pèlen chasè. Fil pèlen an kase. Nou
chape, n' ale. **8** Se Seyè a k'ap pote nou sekou, se li
menm ki fè syèl la ak latè a.

125 Se yon chante pou yo chante lè y'ap moute
lavil Jerizalèm. Moun ki mete konfyans yo nan
Seyè a, yo tankou mòn Siyon an. Tankou l', yo p'ap janm
brannen, y'ap la pou tout tan. **2** Menm jan mòn sou
rebò lavil Jerizalèm yo pwoteje lavil la, se konsa Seyè
a ap pwoteje pèp li a depi koulye a ak pou tout tan. **3**
Non. Mechan yo p'ap gouvènen pou tout tan sou peyi ki
pou moun k'ap mache dwat yo. Si se pa sa, moun k'ap
mache dwat yo ka rive fè sa ki mal. **4** Seyè, aji byen avèk
moun k'ap fè byen, avèk moun k'ap mennen yon lavi san
repwòch. **5** Men, kanta pou moun ki vire do ba ou yo pou
swiv chemen kwochi, se pou ou disparèt yo ansanm ak
tout moun k'ap fè mechanste. Benediksyon Bondye sou
pèp Izrayèl la.

126 Se yon chante pou yo chante lè y'ap moute lavil
Jerizalèm. Lè Seyè a te fè moun Siyon yo te

depòte yo tounen lakay yo, se tankou si nou te nan rèv:
Nou pa t' vle kwè se te vre! 2 Ala ri nou te ri! Ala chante
nou te chante tèlman nou te kontan! Lè sa a, lòt nasyon
yo t'ap di: -Seyè a fè anpil bèl bagay pou yo! 3 Wi, li tè fè
anpil bèl bagay pou nou, sa te fè kè nou kontan anpil. 4
Seyè, tanpri, fè moun yo te fè prizonye yo tounen nan peyi
yo, menm jan lapli ou fè larivyè ki te sèk la koule ankò. 5
Moun ki simen ak dlo nan je ap rekòlte ak kè kontan. 6
Moun ki t'ap kriye lè yo t'aprale avèk grenn pou yo simen
nan jaden yo, y'ap tounen ak bèl chante nan bouch yo
sitèlman yo kontan lè y'ap pote rekòt la lakay yo.

127 Se yon chante Salomon pou yo chante lè y'ap
moute lavil Jerizalèm. Si se pa Seyè a ki bati kay
la, travay moun k'ap bati yo pa vo anyen. Si se pa Seyè
a k'ap pwoteje lavil la, travay moun k'ap veye yo pa vo
anyen. 2 Sa pa vo lapenn pou nou leve granmaten, pou
nou kouche ta, pou nou travay di pou n' ka manje, paske,
lè Bondye renmen yon moun, li ba li tout bagay pandan
l'ap dòmi. 3 Pitit se kado Bondye bay, se yon rekonpans
pou manman ak papa. 4 Menm jan yon sòlda santi li gen
kouraj lè l' gen zam li nan men l', se menm jan an tou pou
yon moun ki fè pitit gason depi lè l' te jenn. 5 Ala bon sa
bon pou moun ki gen anpil zam konsa! Li p'ap janm wont
lè li kanpe nan pòtay lavil la pou l' diskite ak moun k'ap
chache l' kont.

128 Se yon chante pou yo chante lè y'ap moute lavil
Jerizalèm. Ala bon sa bon pou ou, ou menm ki
gen krentif pou Seyè a, ou menm k'ap mache nan chemen
li mete devan ou lan! 2 Avèk travay ou fè ak men ou,
w'ap jwenn manje pou ou manje, w'ap kontan, zafè ou ap
mache byen. 3 Madanm ou ap tankou yon pye rezen
k'ap donnen anndan kay ou. Pitit gason ou yo ap tankou
jenn ti plant oliv tout arebò tab ou. 4 Se konsa Seyè a ap
beni moun ki gen krentif pou li! 5 Se pou Seyè a rete sou
mòn Siyon an pou l' beni ou! Mwen mande l' pou l' fè ou
wè lavil Jerizalèm rete kanpe jouk jou ou mouri. 6 Mwen
mande l' pou l' fè ou wè pitit pitit ou yo! Benediksyon
Bondye sou pèp Izrayèl la!

129 Se yon chante pou yo chante lè y'ap moute lavil
Jerizalèm. Nou menm, pèp Izrayèl se pou nou
rekonèt sa: Yo te fè nou pase kont mizè nou depi nou te
jenn. 2 Wi, depi nou te jenn, yo te fè nou pase kont mizè
nou, men yo pa t' janm rive mete pye sou kou nou. 3 Yo
tonbe sou do nou, ou ta di moun k'ap bat tè pou plante. 4
Men, Seyè a pa nan patipri, li koupe kòd mechan yo te
pase nan kou nou. 5 Moun ki pa vle wè moun Siyon yo,
se pou yo wont, se pou yo fè bak. 6 Se pou yo tankou
plant k'ap pouse arebò glasi: y'ap cheche anvan menm yo
donnen. 7 Moun k'ap ranmase rekòt p'ap okipe yo menm,
moun k'ap antre rekòt la p'ap mete yo nan pakèt li. 8
Moun k'ap pase bò la yo p'ap di: -Se pou Seyè a beni
nou! N'ap beni ou nan non Seyè a!

130 Se yon chante pou yo chante lè y'ap moute lavil
Jerizalèm. Nan mizè mwen ye a, Seyè, m'ap rele
nan pye ou. 2 Seyè, koute m' non! Panche zòrèy ou pou
ou tande jan m'ap lapriyè nan pye ou. 3 Si ou t'ap make
tout zak nou fè, Seyè, ki moun ki ta ka leve tèt devan ou?
4 Men, ou padonnen nou, pou n' ka respekte ou. 5 Mwen
mete tout espwa m' nan Seyè a, mwen mete espwa m'
nan sa li di. 6 N'ap tann Seyè a, tankou faksyonnè k'ap
tann solèy leve, wi, tankou faksyonnè k'ap tann solèy
leve! 7 Nou menm pèp Izrayèl, mete tout espwa nou nan
Seyè a, paske li renmen nou anpil. Li toujou pare pou
delivre. 8 Se li menm ki va delivre pèp Izrayèl la anba tout
mechanste yo fè yo.

131 Se yon chante David pou yo chante lè y'ap moute
lavil Jerizalèm. Seyè, mwen pa gen lògèy nan kè
mwen. Mwen pa gade moun avèk awogans. Mwen pa
enterese nan bagay ki twò fò pou mwen, nan bagay ki twò
difisil pou m' konprann. 2 Mwen rete tou dousman, byen
trankil tankou yon timoun sevre ki rete byen dousman sou
janm manman l'. Wi, tankou yon timoun sevre, se konsa
mwen rete dousman. 3 Nou menm pèp Izrayèl, mete tout
espwa nou nan Seyè a, depi koulye a ak pou tout tan.

132 Se yon chante pou yo chante lè y'ap moute lavil
Jerizalèm. Seyè, pa bliye David. Chonje tout
traka li te bay tèt li pou ou. 2 Seyè, chonje sèman li te
fè ou, pwomès li te fè ou, ou menm Bondye Jakòb la ki
gen fòs, lè l' te di: 3 -Mwen p'ap antre nan kay kote m'
rete a, mwen p'ap moute kouche sou kabann mwen, 4
mwen p'ap bay kò m' repo, mwen p'ap fèmen je m', 5
toutotan mwen pa jwenn yon kote pou Seyè a, yon kay
pou Bondye Jakòb la ki gen fòs ka rete. 6 Nou te tande
Bwat Kontra a te lavil Efrata. Men, nou jwenn li nan jaden
Jearim yo. 7 Ann al lakay Seyè a. Ann al devan fotèy li
pou n' adore l'. 8 Leve non, Seyè, vin kote pou ou pran
repo a. Vini non ansanm ak Bwat Kontra ou la ki fè nou
wè jan ou gen pouvwa. 9 Se pou prêt yo fè konnen jan
ou bay pèp ou a delivrans. Se pou tout pèp ou a rele
sitèlman yo kontan. 10 Poutèt pwomès ou te fè David,
sèvitè ou la, tanpri, Seyè, pa vire do bay moun ou te
chwazi a. 11 Seyè a te fè David, sèvitè li a, yon pwomès,
l'ap toujou kenbe pawòl li: Se yonn nan pitit ou yo m'ap
mete chita sou fotèy ou a. 12 Si pitit ou yo kenbe kontra
mwen fè ak yo a, si yo kenbe prensip mwen ba yo, pitit
pa yo tou va toujou chita son fotèy ou a. 13 Seyè a te
chwazi mòn Siyon, se la li vle bati kay li. 14 Se la mwen
chwazi pou m' toujou pran repo, se la m'ap rete, paske
se sa mwen vle. 15 M'a voye benediksyon sou tou sa li
bezwen pou l' viv. M'a bay pòv li yo manje plen vant yo.
16 M'a delivre prêt li yo, m'a fè tout pèp Bondye a rele
sitèlman yo kontan. 17 Se la m'ap fè yonn nan pitit David
yo tounen yon gwo wa. Mwen p'ap kite limyè a soti nan
fanmi moun mwen chwazi a. 18 M'ap fè lènmi l' yo wont,
kouwòn ki sou tèt li a ap toujou rete byen klere.

133 Se yon chante David pou yo chante lè y'ap moute lavil Jerizalèm. Ala bèl bagay, ala bon sa bon lè frè ak frè ap viv ansanm! **2** Se tankou yon lwil santi bon yo vide sou tèt Arawon, k'ap koule sou bab li desann nan kou rad li. **3** Se tankou lawouze ki soti sou mòn Emon, k'ap desann sou mòn Siyon yo. Se la Seyè a pwomèt pou l' bay benediksyon l', lavi ki p'ap janm fini an.

134 Se yon chante pou yo chante lè y'ap moute lavil Jerizalèm. Nou tout k'ap sèvi Seyè a, nou tout k'ap pase nwit lakay li ap sèvi l', ann fè lwanj Seyè a! **2** Louvri bra nou nan tanp li, lapriyè, fè lwanj Seyè a! **3** Se pou Seyè a rete sou mòn Siyon pou l' beni ou. Se li menm ki fè syèl la ak latè a.

135 Lwanj pou Seyè a! Fè lwanj Seyè a! Nou tout k'ap sèvi Seyè a, **2** nou tout ki kanpe lakay li, nan kote ki apa pou Bondye nou an, fè lwanj li! **3** Fè lwanj Seyè a, paske li gen bon kè! Chante chante pou li, paske li aji byen ak nou. **4** Se li menm ki te chwazi Jakòb pou moun pa l', se li menm ki te chwazi pèp Izrayèl la pou pèp li. **5** Mwen konnen Seyè nou an gen gwo pouvwa. Li gen pouvwa pase tout lòt bondye yo. **6** Li fè sa li vle nan syèl ak sou latè, sou lanmè ak nan fon lanmè. **7** Li fè nwaj yo leve kote syèl la kole ak latè a, li fè zèklè ak lapli, li fè van yo soti kote li sere yo a. **8** Se li menm ki te touye tout premye pitit gason ak tout premye pòte mal zannimo nan peyi Lejip. **9** Se li ki te fè anpil mirak ak mèvèy nan peyi Lejip pou pini farawon an ansanm ak tout moun k'ap sèvi l' yo. **10** Li detwi anpil nasyon, li touye wa ki te gen pouvwa: **11** Siyon, wa peyi Amon an, Og, wa peyi Bazan an ansanm ak tout wa nan peyi Kanaran yo. **12** Li pran peyi yo, li bay pèp li a, wi, li bay moun pèp Izrayèl yo peyi moun sa yo pou yo rete. **13** Seyè, lèzòm ap toujou konnen ki moun ou ye. Yo p'ap janm bliye ou! **14** Seyè a va pran defans pèp li a, l'a gen pitye pou moun k'ap sèvi l' yo. **15** Zidòl nasyon yo se bagay ki fèt ak ajan, ak lò. Se moun ki fè yo ak men yo. **16** Yo gen bouch, men yo pa ka pale. Yo gen je, men yo pa ka wè. **17** Yo gen zòrèy, men yo pa ka tande. Yo pa gen yon ti souf nan bouch yo. **18** Moun ki fè zidòl yo ansanm ak tout moun ki mete konfyans yo nan yo, se pou yo tounen tankou yo. **19** Nou menm, pèp Izrayèl la, fè lwanj Seyè a! Nou menm, prèt Bondye yo, fè lwanj Seyè a! **20** Nou menm k'ap sèvi nan tanp li a, fè lwanj Seyè a! Nou tout ki gen krentif pou Seyè a, fè lwanj li! **21** Fè lwanj Seyè a nan peyi Siyon. nan lavil Jerizalèm, kote l' rete a. Lwanj pou Seyè a!

136 Di Bondye mèsi, paske li gen bon kè. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **2** Di Bondye ki gen pouvwa pase tout lòt bondye yo mèsi. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **3** Di chèf ki pi gwo chèf pase tout chèf yo mèsi. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **4** Se li menm sèl ki fè gwo mèvèy. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **5** Avèk bon konprann li, li tè fè syèl la. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **6** L'a bati tè a sou dlo yo. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou: **7** Se li ki te kreye lalin ak solèy. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **8** Solèy pou klere lajounen. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **9** Lalin ak zetwal yo pou klere lannwit. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **10** Se li menm ki te touye tout premye pitit gason moun peyi Lejip yo. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **11** Li fè pèp Izrayèl la soti nan peyi Lejip. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **12** Avèk kouraj li, ak fòs ponyèt li, Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **13** Se li menm ki te fann Lanmè Wouj la de bò. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **14** Li fè pèp Izrayèl la pase nan mitan. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **15** Men, li pouse farawon an ak tout lame l' yo nan Lanmè Wouj la. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **16** Se li ki mennen pèp li a lè pèp la te nan tout dezè a. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **17** Li kraze wa ki te gen pouvwa. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **18** Li touye gwo wa yo. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **19** Siyon, wa peyi Amon an. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **20** Og, wa peyi Bazan an. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **21** Li pran peyi yo, li bay pèp li a. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **22** Li bay moun pèp Izrayèl yo peyi sa yo pou yo rete. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **23** Li pa t' bliye nou lè nou te anba kou. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **24** Li delivre nou anba men moun ki t'ap peze nou yo. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **25** Se li ki bay tout moun ak tout zannimo manje. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou! **26** Di Bondye ki anwo nan syèl la mèsi. Wi, li p'ap janm sispann renmen nou!

137 Nou te chita bò larivyè ki nan peyi Babilòn yo, nou t'ap kriye lè nou chonje peyi Siyon. **2** Nou te pandye gita nou yo nan branch pye sikren peyi a. **3** Moun ki te fè nou prizonye yo t'ap mande pou nou chante pou yo. Moun ki t'ap peze nou yo t'ap mande pou nou anmize yo: -Chante yon chante peyi Siyon pou nou non! **4** Ki jan ou ta vle pou n' chante yon chante Seyè a nan yon peyi etranje? **5** Si nou bliye ou, Jerizalèm. se pou nou bliye ki jan pou nou sèvi ak men dwat nou tou. **6** Si nou pa chonje ou, si nou pa konsidere ou tankou pi gwo kontantman nou, se pou lang nou kole nan fon bouch nou. **7** Seyè, chonje sa moun peyi Edon yo te fè jou yo te pran lavil Jerizalèm. Chonje jan yo t'ap di: Kraze l'! Kraze l' ratè! **8** Nou menm moun lavil Babilòn, yo gen pou yo fini ak nou yon lè. Benediksyon pou moun ki va fè ou sibi menm bagay ou te fè nou sibi a. **9** Benediksyon pou moun ki va pran pitit ou yo, ki va kraze yo sou gwo wòch!

138 Se yon sòm David. Seyè, m'ap di ou mèsi ak tout kè m'. La, devan lòt bondye yo, m'ap chante, m'ap jwe gita pou ou! **2** M'ap mete ajenou devan kay ki apa pou ou a, m'ap fè lwanj ou, paske ou gen bon kè, paske ou toujou kenbe pawòl ou, paske ou fè sa ou te pwomèt la. Se tout moun k'ap nonmen non ou koulye a. **3** Lè m' te rele ou, ou te reponn mwen, ou te ban m' plis kouraj. **4** Tout moun ki sou latè va fè lwanj ou, Seyè, lè y'a vin konnen pawòl ki soti nan bouch ou. **5** Y'a

chante pou sa Seyè a te fè, y'a di: Ala gwo pouvwa Seyè
a genyen! 6 Wi, Seyè a anwo nan syèl la. Men, li wè
moun ki soumèt devan li. Li rete byen lwen, li rekonèt
moun k'ap fè grandizè yo. 7 Menm lè mwen nan gwo tèt
chaje, ou pa kite m' mouri. Ou leve men ou pou rete lènmi
m' yo ki ankòlè. Ou sove m' avèk fòs ponyèt ou. 8 W'a fin
fè sa ou te konmanse fè pou mwen an. Seyè, ou p'ap
janm sispann renmen nou. Pa vire do ou kite travay ou
konmanse fè a!

139 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm David. Seyè,
ou sonde m', ou konnen ki moun mwen ye. 2 Ou
konnen lè m' chita, ou konnen lè m' kanpe. Ou rete byen
lwen, ou konnen tou sa k'ap pase nan tèt mwen. 3 Mwen
te mèt ap mache, mwen te mèt kouche, ou wè m', ou
konnen tou sa m'ap fè. 4 Mwen poko menm louvri bouch
mwen, ou gen tan konnen tou sa mwen pral di. 5 Kote m'
vire, ou la bò kote m', w'ap pwoteje m' ak pouvwa ou. 6
Konesans ou genyen yo twòp pou mwen. Yo depase m',
mwen pa konprann yo. 7 Ki bò mwen ta ale pou m' pa
jwenn ak ou? Ki bò mwen ta ale pou ou pa wè m' devan je
ou? 8 Si m' moute nan syèl la, se la ou ye. Si m' desann
kote mò yo ye a, ou la tou. **(Sheol h7585)** 9 Si m' vole ale
bò kote solèy leve, osinon si m' al rete bò lòt bò lanmè,
10 l'a ankò, w'ap toujou la pou mennen m', w'ap la pou
pwoteje m'. 11 Si mwen di: -Bon! M' pral kache nan fènwa
a. M' pral rete kote tout limyè mouri. 12 Fènwa pa fè nwa
pou ou. Lannwit klere kou lajounen pou ou. Kit li fènwa,
kit li lajounen, se menm bagay pou ou. 13 Wi, se ou ki
fòme tout pati nan kò m', se ou ki ranje yo byen ranje
nan vant manman m'. 14 M'ap fè lwanj ou, paske ou pa
manke fè bèl bagay. Tou sa ou fè se bèl bagay. Mwen
konn sa byen. 15 Ou te konnen tout zo nan kò m', depi
lè m' t'ap fòme kote moun pa t' ka wè a, depi lè ou t'ap
travay mwen ak ladrès nan fon tè a. 16 Depi anvan m' te
fèt, tout lavi m' te devan je ou. Tou sa mwen tapral fè
te deja ekri nan liv ou, anvan menm mwen te fè yo. 17
Bondye, sa ki nan tèt ou twò difisil pou m' konprann, lèfini
yo anpil! 18 Si m' ta vle konte yo, yo ta pi plis pase grenn
sab ki bò lanmè. Si m' ta janm rive fin konte yo, mwen
p'ap pi konnen ou pase sa. 19 Bondye, si ou ta vle touye
mechan yo! Si ou ta vle fè ansasen yo manyè kite m' an
repo! 20 Yo anba chal! Y'ap revòlte kont ou. Y'ap pale ou
mal. 21 Seyè, kouman ou ta vle pou m' pa rayi moun ki
rayi ou yo! Kouman ou ta vle pou m' pa gen degoutans
pou moun k'ap leve dèyè ou yo? 22 Mwen pa manke rayi
yo. Mwen considere yo tankou lènmi m'. 23 Sonde m',
Bondye! Wè tou sa ki nan kè m'! Fouye m'! Wè tou sa ki
nan lide m'! 24 Gade wè si m' sou yon move chemen.
Mennen m' sou chemen ki la pou tout tan an.

140 Pou chèf sanba yo. Se yon sòm David. Seyè,
delivre m' anba mechan yo non! Pwoteje m' anba
ansasen yo non, 2 anba moun k'ap kalkile move lide nan
tèt yo, ki tout tan ap pouse dife. 3 Lang yo se razwa.
Pawòl nan bouch yo se pwazon, ou ta di venen sèpan
aspik. 4 Seyè, pa kite m' tonbe anba men mechan yo,
pwoteje m' anba ansasen yo k'ap chache jan pou yo fè
m' tonbe. 5 Awogan yo pare yon pèlen pou mwen, yo
tann pèlen kòd pou mwen, yo mete moun veye m' sou
tout chemen mwen. 6 Mwen di Seyè a: -Se ou ki Bondye
mwen. Koute m' non, Seyè, lè m'ap rele nan pye ou. 7
Seyè, Bondye mwen, ou se fòs ki pou sove m' lan. W'ap
pwoteje m' lè batay la mare. 8 Seyè, pa kite mechan yo
fè sa yo gen lide fè a! Pa kite sa yo vle fè a rive! 9 Pa
kite moun ki pa vle wè m' yo dominen sou mwen. Se pou
mechanste ki nan bouch yo a tonbe sou yo! 10 Se pou
Bondye grennen chabon dife sou yo tankou lapli. Se pou
l' fè yo tonbe nan gwo twou byen fon kote yo p'ap janm ka
leve sòti. 11 Se pou moun k'ap pale moun mal yo pèdi
pye nan peyi a. Se pou malè tonbe sou ansasen yo pou l'
touye yo. 12 Mwen konnen Seyè a va fè pòv yo jistis.
L'a defann kòz moun ki san sekou yo. 13 Wi, moun k'ap
mache dwat yo va fè lwanj li. Moun ki obeyi l' yo va toujou
viv devan l'.

141 Se yon sòm David. Seyè, m'ap rele ou, prese vin
kote m' non! Panche zòrèy ou pou tande lè m'ap
rele nan pye ou! 2 Se pou lapriyè m' moute devan ou
tankou lansan y'ap boule pou ou a! Wi, se pou lè m' leve
men m' pou m' lapriyè, se tankou ofrann yo fè pou ou
chak swa a. 3 Seyè, mete yon mò nan bouch mwen. Veye
pawòl k'ap soti nan bouch mwen! 4 Pa kite move lide
pran tèt mwen. Pa kite m' mete tèt ansanm ak mechan
yo nan mechanste yo. Pa kite m' patisipe nan fèt yo! 5
Ou mèt kite yon moun ki mache dwat pini m'. Ou mèt
kite yon moun k'ap sèvi ou rale zòrèy mwen. Men, pa
kite m' patisipe nan okenn fèt mechan yo. Paske, lè m'ap
lapriyè, m'ap toujou denonse sa y'ap fè ki mal. 6 Se pou
yo pran chèf mechan yo, jete yo anba nan falèz. Lè sa a,
y'a rekonèt pawòl mwen se verite. 7 Tankou lè y'ap fann
bwa pou fè l' fè ti moso, se konsa zosman nou yo pral
gaye devan bouch twou kote mò yo ye a. **(Sheol h7585)** 8
Men, Seyè, Bondye, se sou ou m'ap gade. Se bò kote ou
m'ap chache pwoteksyon. Tanpri, pa kite m' san sekou! 9
Pa kite m' pran nan pèlen yo tann pou mwen, nan pèlen
moun k'ap fè mal yo. 10 Se pou mechan yo pran nan
pèlen y'ap pare pou lòt moun, epi mwen menm, pou m' fè
chemen mwen!

142 Chante David te chante lè li te kache nan gwo
twou wòch la. Se yon lapriyè. M'ap louvri bouch
mwen, m'ap rele Seyè a. M'ap louvri bouch mwen, m'ap
kriye nan pye Seyè a. 2 M'ap louvri kè m' bay Bondye,
m'ap rakonte l' mizè mwen. 3 Lè m' santi mwen pa kapab
ankò, ou menm, ou konnen sa pou m' fè. Sou chemen
kote m'ap pase a yo tann yon pèlen pou mwen. 4 Voye je
ou toupatou, gade byen! Tout moun pran pòz pa konnen
m'. Pa gen yon moun pou pwoteje m'. Pa gen yon moun
pou pran ka m'. 5 Mwen kriye nan pye ou, Seyè! Mwen
di: Se ou menm ki tout pwoteksyon mwen. Se ou menm ki
tout mwen nan lavi sa a. 6 Panche zòrèy ou, koute sa

m'ap di ou! Mwen fin dekouraje. Delivre m' anba men
moun k'ap pèsekite m' yo, paske yo pi fò pase m'. 7 Wete
m' nan prizon sa a pou m' ka di ou mèsi. Lè sa a, m'a
kanpe nan mitan moun ki mache dwat devan ou yo, paske
ou te bon pou mwen.

143 Se yon sòm David. Seyè, koute m' lè m'ap
lapriyè. Panche zòrèy ou pou tande jan m'ap
kriye nan pye ou. Reponn mwen, paske ou toujou kenbe
pawòl ou. Ou pa nan patipri. 2 Pa jije m' sou sa m' fè,
se sèvitè ou mwen ye. Pa gen moun ki inonsan devan
je ou. 3 Lènmi pousib mwen, li mache sou mwen. Li fè
m' rete nan fènwa tankou moun ki mouri depi lontan. 4
Mwen santi mwen pa kapab ankò! Mwen boulvèse anpil.
5 Mwen chonje tan lontan, m'ap kalkile tou sa ou te fè. Tou
sa ou te fè yo vin nan tèt mwen ankò. 6 Mwen louvri bra
m' devan ou, mwen lapriyè. M'ap tann ou tankou tè sèk
k'ap tann lapli. 7 Seyè, prese vin reponn mwen. Mwen
pa kapab ankò! Pa vire do ban mwen. Si ou fè sa, m'ap
tankou moun ki desann nan peyi kote mò yo ye a. 8
Mwen mete konfyans mwen nan ou. Depi granmaten,
fè m' chonje jan ou renmen m' anpil. Se ou menm m'ap
lapriyè. Moutre m' chemen pou m' pran an. 9 Se anba
zèl ou m'ap chache pwoteksyon. Tanpri, delivre m' anba
lènmi m' yo. 10 Se ou menm ki Bondye mwen. Moutre m'
jan pou m' fè sa ou vle m' fè a. Jan ou gen bon kè, fè
lespri ou mennen m' nan chemen ki pa gen move pa. 11
Seyè, poutèt non ou pote a, ban m' lavi ankò. Ou menm ki
pa nan patipri, tanpri, wete m' nan tray kote m' ye a. 12
Ou renmen m' anpil. Fè tout lènmi m' yo disparèt. Detwi
tout moun k'ap peze m' yo, paske se sèvitè ou mwen ye.

144 Se yon sòm David. Lwanj pou Bondye! Se li ki
pwoteksyon mwen, se li ki moutre m' jan pou m'
goumen, se li ki pare m' pou m' al nan batay. 2 Se sou li
mwen konte, se li ki tout defans mwen. Se li ki sèvi m'
ranpa, se li ki tout delivrans mwen, Se li ki pwoteksyon
mwen, se anba zèl li mwen kache. Se li ki fè pèp li soumèt
devan mwen. 3 Seyè, kisa moun ye pou w'ap fè tèt ou
travay pou yo konsa? Kisa yo ye menm pou ou pran ka
yo? 4 Moun tankou lafimen. Lavi yo tankou nwaj k'ap
pase. 5 Seyè, bese syèl la, desann. Manyen mòn yo, fè
yo fè lafimen. 6 Voye flèch ou yo. Fè lènmi m' yo gaye.
Fè yo kouri ak kout zèklè. 7 Rete nan syèl la, lonje men
ou pran m'. Rale m' soti nan mitan gwo dlo yo. Delivre m'
anba men moun lòt nasyon yo. 8 Bonjou yo pa laverite.
Menm lè y'ap sèmante, se manti y'ap fè. 9 M'ap chante
yon kantik tou nèf pou ou, Bondye. M'ap chante, m'ap jwe
gita pou ou. 10 Se ou menm ki fè wa yo genyen nan lagè.
Se ou ki delivre David, sèvitè ou la. 11 Delivre m' anba
bann mechan sa yo ki soti pou touye m', delivre m' anba
men moun lòt nasyon yo. Bonjou yo pa laverite. Menm lè
y'ap sèmante, se manti y'ap fè. 12 Se pou pitit gason nou
yo tankou jenn plant k'ap pouse. Se pou pitit fi nou yo
tankou bèl poto byen travay ki nan tout kwen tanp lan.
13 Se pou galata nou yo plen manje tout kalite, se pou
mouton ki nan savann nou yo fè anpil anpil pitit. 14 Se
pou bèf nou yo toujou bay rapò, san yo pa fè avòtman, ni
pèt. Se pou lènmi pa anvayi peyi a. Pa kite yo depòte
nou. Se pou pa gen okenn rèl nan lari nou yo. 15 Ala bon
sa bon lè sa mache konsa pou pèp la! Ala bon sa bon
pou yon pèp ki gen Seyè a pou Bondye li!

145 Se yon chante David te ekri pou fè lwanj Bondye.
Bondye mwen, wa mwen, m'a fè konnen jan ou
gen pouvwa. M'ap di ou mèsi tout tan tout tan. 2 Chak
jou m'ap di ou mèsi. M'ap fè lwanj ou tout tan tout tan.
3 Seyè a gen gwo pouvwa, li merite pou yo fè lwanj li
vre. Moun p'ap janm fin konprann jan li gen pouvwa! 4
Papa va fè lwanj ou devan pitit yo pou tou sa ou te fè. Y'a
rakonte tout bèl bagay ou fè yo. 5 M'a rakonte jan ou gen
pouvwa, jan ou gen fòs. M'a fè konnen bèl mèvèy ou yo.
6 Y'a di jan ou gen pouvwa kifè moun respekte ou. M'a
rakonte jan ou gen fòs. 7 Y'a fè tout moun chonje jan ou
gen bon kè. Y'a chante pou ou, paske ou pa nan patipri.
8 Seyè a gen pitye pou nou. Li gen bon kè. Li pa fasil fè
kòlè. Li p'ap janm sispann renmen nou! 9 Seyè a bon pou
tout moun san patipri. Li gen pitye pou tou sa li fè. 10
Seyè, tou sa ou fè ap fè lwanj ou! Tout moun pa ou yo
ap di ou mèsi! 11 Y'a di jan ou gouvènen avèk otorite.
Y'a fè konnen jan ou gen pouvwa, 12 pou tout moun ka
konnen jan ou gen fòs, jan ou gouvènen avèk otorite. 13
Gouvènman ou lan la pou tout tan. W'ap dominen pou
tout tan. Seyè a ap toujou kenbe pawòl li yo, Li bon nan
tou sa li fè. 14 L'ap soutni tout moun k'ap tonbe. Li bay
tout moun ki nan lafliksyon kouraj. 15 Seyè, se sou ou
tout moun ap gade. Ou ba yo manje lè yo bezwen manje.
16 Ou louvri men ou, ou bay ni moun, ni bèt, ni plant tou
sa yo bezwen. 17 Seyè a san patipri nan tou sa l'ap fè.
Li gen kè sansib nan tou sa l'ap fè. 18 Seyè a kanpe
toupre moun k'ap rele l', toupre tout moun k'ap rele l' ak
tout kè yo. 19 L'ap bay tout moun ki gen krentif pou li sa
yo ta renmen. Li tande lè y'ap rele l', l'ap delivre yo. 20
L'ap pwoteje tout moun ki renmen l'. Men, l'ap detwi tout
mechan yo. 21 M'a fè lwanj Seyè a ak bouch mwen. Se
pou tout moun fè lwanj Bondye ki yon Bondye apa. Se
pou yo fè l' tout tan tout tan.

146 Lwanj pou Seyè a! Wi, kite m' fè lwanj Seyè a!
2 M'ap pase tout lavi m' ap fè lwanj Seyè a. M'ap
chante pou Bondye mwen pandan tout tan m'ap viv. 3
Pa mete konfyans nou nan grannèg, nan moun ki pa ka
delivre nou. 4 Kou souf yo koupe, yo tounen pousyè.
Lamenm, tou sa yo te gen nan tèt yo disparèt. 5 Ala bon
sa bon pou moun ki gen Bondye Jakòb la pou tout sekou
l', pou moun ki mete tout espwa l' nan Seyè a, Bondye li!
6 Se li menm ki fè syèl la, tè a ak lanmè a, ansanm ak tou
sa ki ladan yo. L'ap toujou kenbe pawòl li. 7 Li rann jistis
an favè tout moun k'ap sibi lenjistis. Li bay tout moun ki
grangou manje pou yo manje. 8 Seyè a fè prizonye yo soti
nan prizon. Seyè a fè avèg yo wè ankò. Li bay tout moun
ki nan lafliksyon kouraj. Seyè a renmen moun ki mache

dwat devan li. 9 Seyè a pwoteje etranje k'ap viv nan peyi
a. L'ap pran swen vèv yo ak timoun ki san papa yo. Men,
li detounen plan mechan yo gen nan tèt yo. 10 Seyè a ap
gouvènen pou tout tan. Nou menm, moun Siyon, Bondye
nou an ap gouvènen pou tout tan. Lwanj pou Seyè a!

147 Lwanj pou Seyè a! Sa bon nèt pou nou chante
pou Seyè a. Sa bon nèt pou nou fè lwanj Seyè
a. Wi, li merite l' vre! 2 Seyè a ap rebati lavil Jerizalèm.
L'ap fè moun Izrayèl ki te gaye nan mitan lòt nasyon yo
tounen lakay yo. 3 L'ap bay moun ki nan gwo lapenn
yo kouraj. L'ap geri moun ki blese yo. 4 Li konte konbe
zetwal ki genyen! Li konnen non yo chak. 5 Seyè nou an
gen pouvwa. Li gen anpil fòs. Konesans li pa gen limit. 6
Seyè a ap bay pòv malere yo men pou yo leve. Men, l'ap
rabese mechan yo jouk atè. 7 Chante yon chante pou
Seyè a pou nou di l' mèsi. Fè mizik pou Bondye nou an ak
gita. 8 Se li ki kouvri syèl la ak nwaj yo. Se li ki pare lapli
pou tè a. Se li ki fè zèb pouse sou mòn yo. 9 Li bay bèt yo
manje, li bay ti kònèy yo manje lè yo rele. 10 Li pa pran
plezi l' nan chwal ki gen fòs, ni se pa kouraj moun ki fè kè
l' kontan. 11 Moun ki fè kè l' kontan, se moun ki gen krentif
pou li, se moun ki mete tout espwa yo nan li, paske yo
konnen li renmen yo. 12 Nou menm, moun lavil Jerizalèm,
fè lwanj Seyè a! Nou menm, moun mòn Siyon, fè lwanj
Bondye nou an! 13 Li fè pòt kay nou yo vin pi solid. Li
voye benediksyon sou pitit nou yo nan mitan nou. 14
L'ap veye fwontyè peyi a pou pa gen lagè! L'ap plen vant
nou ak bon kalite manje. 15 Li pase yon lòd: lòd la kouri
byen vit toupatou sou latè. 16 Li fè lanèj tonbe kouvri latè
tankou koton. Li fè lawouze tounen ti moso glas sou tout
pyebwa. 17 Li voye lagrèl tankou gravye. Ki moun ki ka
sipòte fredi li voye? 18 Li pase yon lòd, li fè yo tout fonn.
Li fè van soufle, dlo pran koule toupatou. 19 Li fè pitit
Jakòb yo konnen pawòl li. li fè pèp Izrayèl la konnen lòd li
yo ak sa li deside. 20 Li pa aji konsa ak okenn lòt nasyon.
Li pa fè yo konnen sa l' deside fè. Lwanj pou Seyè a!

148 Lwanj pou Seyè a! Nou menm ki rete anwo nan
syèl la, fè lwanj Seyè a! Fè lwanj li anwo nan
syèl la! 2 Se pou nou tout zanj li yo fè lwanj li. Se pou nou
tout lame ki nan syèl la fè lwanj li. 3 Solèy ak lalin, fè
lwanj li! Zetwal k'ap klere nan syèl la, fè lwanj li! 4 Se pou
yo fè lwanj li anwo nèt nan syèl la. Se pou tout dlo ki pi
wo pase syèl la fè lwanj li. 5 Se pou yo tout fè lwanj Seyè
a! Paske, li annik pase yon lòd, epi tout bagay fèt. 6 Li
mete yo chak nan plas yo pou tout tan. Li ba yo yon lòd,
yo pa ka pa obeyi l'. 7 Se pou tout bagay ki sou latè fè
lwanj li: gwo bèt lanmè ansanm ak fon lanmè a, 8 dife ak
lagrèl, lanèj ak vapè, gwo van k'ap fè sa li di yo fè, 9
gwo mòn kou ti mòn, pyebwa k'ap donnen ak tout gwo
pye sèd yo, 10 tout bèt nan bwa, tout bèt domestik, tout
bèt k'ap trennen sou vant, ak tout zwezo k'ap vole nan
syèl. 11 Fè lwanj li, nou menm wa yo ak tout pèp ki sou
latè, chèf ak nou tout k'ap dirije lèzòm, 12 jenn fi kou jenn
gason, granmoun kou timoun. 13 Se pou nou tout fè lwanj
Seyè a, paske li gen yon non ki pi gwo pase tout lòt non.
Pouvwa li pi wo pase syèl la ak latè a. 14 Li rebay pèp li a
fòs ankò. Sa te yon lwanj pou tout moun k'ap sèvi l' yo,
pou pitit Izrayèl yo, pou pèp li renmen anpil la. Lwanj pou
Seyè a!

149 Lwanj pou Seyè a! Chante yon chante tou nèf
pou Seyè a! Fè lwanj li nan mitan tout moun k'ap
sèvi l' yo lè yo reyini! 2 Se pou pèp Izrayèl la fè kè l'
kontan, paske se li menm ki fè yo. Se pou tout pèp Siyon
an fè fèt, paske se li menm ki wa yo. 3 Se pou nou danse
pou fè lwanj li! Se pou nou bat tanbou, se pou nou jwe gita
pou li! 4 Seyè a pran plezi l' nan pèp li a, li fè bèl bagay
pou malere yo, li delivre yo. 5 Se pou pèp Bondye a fè kè
yo kontan, paske yo genyen batay la. 6 Se pou yo rele
byen fò lè y'ap fè lwanj Bondye, avèk nepe nan men yo, 7
pou tire revanj sou nasyon yo, pou pini pèp yo, 8 pou yo
mete wa yo nan chenn, pou mete grannèg yo nan sèp an
fè, 9 pou ba yo chatiman ki te ekri a. Se va yon bèl bagay
pou tout moun k'ap sèvi Bondye. Lwanj pou Seyè a!

150 Lwanj pou Seyè a! Lwanj pou Bondye nan tanp
ki apa pou li a! Lwanj pou Bondye nan syèl la
kote pouvwa li parèt aklè! 2 Lwanj pou li pou bèl bagay li
fè yo! Lwanj pou li pou jan li gen anpil anpil fòs! 3 Lwanj
pou li ak twonpèt! Lwanj pou li ak gita ak bandjo! 4 Lwanj
pou li ak tanbou! Danse pou fè lwanj li! Lwanj pou li ak
gita ak vaksen! 5 Lwanj pou li ak senbal ki bay bèl son!
Lwanj pou li ak senbal ki fè gwo bri! 6 Se pou tou sa ki
gen souf fè lwanj Seyè a! Lwanj pou Seyè a!

Pwovèb

1 Men pwovèb Salomon, pitit David la, ki te wa peyi
Izrayèl. **2** Pwovèb sa yo la pou fè moun konnen sa
ki rele gen sajès ak bon levasyon, pou yo konprann lè
moun lespri ap pale ak yo. **3** Pwovèb sa yo la tou pou
moutre moun jan pou yo viv avèk konprann, pou yo gen
bon kondit, pou yo pa fè lenjistis, pou yo mache dwat
nan lavi. **4** Y'ap louvri lespri moun ki manke konprann,
y'ap bay jenn gason yo konesans ak konprann. **5** Se pou
moun ki gen konesans koute sa ki nan pwovèb yo, pou
yo ka mete sou sa yo konnen deja. Se pou moun ki gen
lespri koute sa ki nan pwovèb yo, pou yo ka konnen ki jan
pou yo mennen bak yo pi byen, **6** konsa, y'a ka konprann
sans tout pwovèb ak tout paraòl, sans tout pawòl k'ap
soti nan bouch moun ki gen bon konprann yo ak koze tout
moun pa ka konprann. **7** Lè ou gen krentif pou Bondye,
se lè sa a ou konmanse gen konesans. Moun fou pa konn
valè sa yo rele gen konesans, yo refize aprann. **8** Pitit
mwen, koute papa ou non lè l'ap ba ou bon levasyon!
Pa janm bliye sa manman ou te moutre ou! **9** Menm jan
bèl foula mare nan tèt ak kolye pase nan kou bay pi bèl
aparans, konsa tou konsèy papa ou ak manman ou ap fè
anpil pou ou. **10** Pitit mwen, lè moun k'ap fè sa ki mal
vle detounen ou, pa kite yo pran tèt ou. **11** Si yo di ou:
Vini ak nou non! Ann anbiske kò nou pou n' touye moun.
Ann pare pèlen pou nou pran inonsan yo, san yo pa gen
anyen ak nou. **12** Ann vale yo tou vivan, tankou simityè ki
pa janm refize mò. Ann vale yo tout ankè tankou kadav
y'ap antere. **(Sheol h7585)** **13** N'a jwenn tout kalite gwo
richès, n'a plen kay nou ak tout bagay n'a pran. **14** W'a
jwenn pa ou nan tou sa n'a pran. Va gen yon sèl kès pou
nou tout. **15** Pitit mwen, pa mache avèk moun konsa! Pa
mete pye ou kote moun sa yo pase! **16** Yo toujou dèyè
pou fè sa ki mal. Pou ti krik ti krak, yo mete san deyò. **17**
Kisa ou konprann ou fè lè ou kite zwezo wè ou ap tann
pèlen pou li? **18** Se konsa moun sa yo pran nan pèlen yo
menm yo pare a. Yo tonbe nan pyèj yo mete a, yo mouri.
19 Nan chache genyen sa ki pa pou ou, se ou ki lakòz
malè rive ou. Se sa menm ki pou rive tout moun ki pa
wè pase vòlò. **20** Koute byen. Sajès ap rele nan lari, l'ap
pale byen fò sou plas piblik. **21** L'ap rele nan tout kalfou,
nan pòtay lavil yo, toupatou kote tout moun ka tande. **22**
L'ap di: Bann egare! Kilè n'a sispann renmen fè tenten?
Kilè n'a sispann pran plezi nou nan pase tout bagay nan
betiz? Kilè moun fou yo va soti pou yo aprann? **23** Se pou
n' koute m' lè m'ap rale zòrèy nou. M'ap di nou tou sa ki
nan tèt mwen, m'ap fè nou konnen tou sa m' konnen. **24**
Ki jan nou ye konsa? Mwen rele nou, nou fè tankou nou
pa tande m'. Mwen lonje men ban nou, nou fè tankou
nou pa wè m'. **25** Anhan! Se konsa sa ye? Nou voye tout
konsèy mwen te ban nou yo jete byen lwen nou. Nou
refize kite m' korije nou. **26** Konsa, lè n'a nan ka, m'a ri
nou. Lè malè va fè nou tranble, m'a pase nou nan rizib.
27 Lè malè va tonbe sou nou tankou yon van siklòn, lè
tray va pase sou nou tankou yon toubouyon, lè lapenn ak
kè sere va pran nou, **28** le sa a, n'a rele m', mwen menm
yo rele sajès, men mwen p'ap reponn nou. N'a mache
chache m' toupatou, men nou p'ap jwenn mwen. **29** Nou
pa t' vle wè konesans, nou te toujou refize gen krentif pou
Bondye. **30** Nou pa t' janm vle koute konsèy m' t'ap ban
nou, nou te toujou derefize koute m' lè m' t'ap korije nou.
31 Se pou nou rekòlte sa nou te simen an. Se pou nou
sibi konsekans vye konsèy nou t'ap swiv yo. **32** Moun ki
san esperyans yo mouri paske yo refize aprann. Bann
moun fou yo menm, yo pa pran anyen pou anyen, se sa
k'ap pèdi yo tou. **33** Men, moun ki koute sa m' di yo jwenn
lasirans, y'a viv ak kè poze, yo p'ap bezwen pè anyen.

2 Pitit mwen, aprann sa m'ap moutre ou la a. Chache
pou ou pa janm bliye sa mwen di ou fè a. **2** Se poutèt
sa, louvri zòrèy ou pou ou tande sa moun ki gen sajès
ap di ou. Chache konprann yo. **3** Wi, pa janm sispann
chache gen konesans. Mande pou ou gen bon konprann.
4 Kouri dèyè konesans tankou moun k'ap kouri dèyè lajan.
Chache konesans tankou moun k'ap chache ja lajan. **5**
Si ou fè tou sa, w'a konnen sa ki rele gen krentif pou
Bondye. W'a resi konnen ki moun Bondye ye. **6** Se Seyè
a ki bay konesans. Pawòl ki soti nan bouch li bay lespri
ak konprann. **7** Lè yon moun mache dwat, Seyè a ba
li bon konsèy. Lè yon moun serye, li pwoteje l'. **8** Li
pwoteje moun ki pa fè lenjistis. Li pran defans moun ki
kenbe fèm nan sèvis li. **9** Si ou koute m', w'a konnen
ki jan pou ou mennen bak ou byen, ki jan pou ou pa fè
lenjistis. W'a konnen ki jan pou ou mache dwat nan lavi.
W'a konnen tout bon bagay ou dwe fè. **10** Lè sa a, w'a
gen bon konprann nan ou. W'a pran tout plezi ou nan
konesans ou genyen. **11** Entèlijans ou p'ap kite anyen rive
ou, konesans ou pral yon pwoteksyon pou ou. **12** Yo p'ap
kite ou fè sa ki mal. Yo p'ap kite moun k'ap fè bèl diskou
pou twonpe moun pwoche bò kote ou. **13** Moun sa yo, se
moun ki kite chemen dwat la pou lage kò yo nan fènwa.
14 Se moun ki pran plezi yo nan fè sa ki mal. Se moun ki
kontan anpil pou wè mechanste lòt moun ap fè. **15** Ou pa
janm konnen kote ou ye ak moun sa yo, tout kò yo se
plan. **16** Entèlijans ou ak konesans ou va delivre ou anba
fanm adiltè yo, anba fanm lòt peyi ki gen bèl pawòl dous
pou pran tèt ou. **17** Fanm konsa se fanm k'ap twonpe
mari yo, fanm ki bliye pwomès yo te fè Bondye. **18** Si ou
mete pye lakay yo, ou sou wout lanmò. Si ou ale lakay yo,
ou pa lwen ale kote mò yo ye a. **19** Lakay yo, se antre
pa soti. Pa gen lavi pou ou ankò! **20** Se poutèt sa, swiv
egzanp moun debyen. Mache pye pou pye dèyè moun ki
pa fè chemen kwochi. **21** Paske se moun k'ap mache
dwat yo ki pral rete nan peyi a. Se moun serye yo ki pral
la. **22** Men, Bondye ap disparèt mechan yo nan peyi a.
L'ap rache moun k'ap fè sa ki mal yo tankou yo rache
move zèb.

3 Pitit mwen, pa janm bliye sa mwen moutre ou yo.
Kenbe tou sa mwen di ou fè yo nan kè ou. **2** Se yo

k'ap fè ou viv lontan. Se yo k'ap fè ou viv ak kè poze.
3 Se pou ou toujou viv byen ak tout moun. Se pou ou
toujou gen yon sèl pawòl. Mete pawòl mwen yo nan kou
ou tankou yon kolye, kenbe yo nan kè ou pou ou pa janm
bliye yo. 4 Si ou fè sa, Bondye va kontan avè ou, lèzòm
va nonmen non ou an byen. 5 Mete tout konfyans ou nan
Seyè a. Pa gade sou sa ou konnen. 6 Toujou chonje Seyè
a nan tou sa w'ap fè. Li menm, l'a moutre ou chemen pou
ou pran. 7 Pa mete nan tèt ou ou gen plis konprann pase
sa. Gen krentif pou Seyè a, refize fè sa ki mal. 8 Lè ou fè
sa, se va tankou yon bon medikaman: W'a toujou gaya,
ou p'ap janm soufri doulè. 9 Fè wè jan ou gen respè pou
Seyè a: ba li nan tou sa ou genyen, ofri l' premye donn
ou rekòlte nan jaden ou. 10 Lè ou fè sa, galata ou ap
toujou chaje danre. Barik diven ou yo ap plen ra bouch.
11 Pitit mwen, lè Seyè a ap pini ou, pa betize ak sa. Lè
l'ap korije ou, pa dekouraje. 12 Paske Seyè a korije moun
li renmen, menm jan yon papa korije pitit li renmen anpil
la. 13 Ala bon sa bon pou moun ki gen konesans, pou
moun ki rive gen bon konprann! 14 Benefis l'ap rapòte
pi bon pase sa lajan bay. Avantaj l'ap bay gen plis valè
pase lò. 15 Sajès pi bon pase boul lò. Nanpwen anyen
moun ta renmen genyen ki ka parèt devan li. 16 Yon bò,
bon konprann ap fè moun viv lontan. Yon lòt bò, l'ap bay
richès, l'ap fè moun respekte ou. 17 L'ap fè moun viv ak
kè kontan. L'ap fè ou reyisi nan tou sa w'ap fè. 18 Moun
ki gen bon konprann jwenn lavi. Sa bon nèt pou moun
ki gen bon konprann! 19 Avèk bon konprann li, Bondye
kreye latè. Avèk entèlijans li, li mete syèl la nan plas li. 20
Avèk konesans li, li fè larivyè yo koule. Li fè nwaj yo bay
lapli sou latè. 21 Pitit mwen, kenbe pye konesans ou,
pa pèdi konprann ou. Pa janm kite anyen fè ou bliye yo.
22 Y'ap ba ou lavi, y'ap fè lavi ou bèl tankou yon kolye
ki pase nan kou ou. 23 W'a fè chemen ou nan lavi san
ou pa pè anyen. Ou p'ap janm bite sou anyen. 24 Lè ou
pral kouche, ou p'ap pè anyen. Lè w'a fin lonje kò ou,
w'a dòmi nèt ale. 25 Ou p'ap bezwen pè: malè p'ap rete
konsa pou l' tonbe sou tèt ou. Ni tou, sa ki rive mechan yo
p'ap rive ou. 26 Paske se Seyè a ki tout espwa ou. Li p'ap
kite ou pran nan pèlen. 27 Pa refize fè byen pou moun ki
nan nesesite, chak fwa ou santi ou ka fè sa. 28 Si ou gen
lajan sou ou, ou pa ka di frè parèy ou: Ale non! Tounen
denmen. M'a ba ou kichòy! 29 Moun k'ap viv ansanm avè
ou, ki mete konfyans yo nan ou, pa manniganse anyen
ki pou fè yo mal. 30 Pa fè kabouyay san rezon ak yon
moun san li pa janm fè ou anyen ki mal. 31 Pa anvye sò
mechan yo. Pa mete nan tèt ou pou ou fè tankou yo. 32
Paske Seyè a pa vle wè moun ki deprave. Men, li mete
moun ki mache dwat yo nan tout sekrè l' yo. 33 Madichon
Bondye chita lakay mechan yo. Men, benediksyon l' ap
kouvri kay moun ki mache dwat yo. 34 Moun k'ap pase
moun nan betiz, Bondye ap pase yo nan betiz tou. Men,
moun ki fè byen, l'ap moutre yo jan li renmen yo. 35 Y'a fè
lwanj moun ki gen bon konprann yo, men moun fou yo, se
wont y'a wont.

4 Pitit mwen yo, koute yon papa lè l'ap ban nou bon
levasyon. Louvri zòrèy nou pou nou ka gen konprann.
2 Pa janm bliye anyen nan sa m'ap moutre nou la a: Se
bon konsèy m'ap ban nou. 3 Lè mwen te timoun piti lakay
papa m', lè sa a mwen te sèl pitit manman mwen. 4 Papa
m' t'ap moutre m' anpil bagay. Li te konn di m': Kenbe
pawòl mwen nan kè ou. Fè sa m'ap di ou fè, konsa w'a
viv. 5 Chache gen konesans ak bon konprann. Pa janm
bliye sa m'ap di ou la a. Pa vire do ba yo. 6 Pa lage
konesans ou. L'a toujou pwoteje ou. renmen l', li p'ap kite
anyen rive ou. 7 Chache gen konesans, se premye bagay
yon nonm lespri dwe fè. Nenpòt kisa ou ka genyen, bay li
pou ou vin gen konprann. 8 renmen konesans, l'ap fè ou
mache tèt wo. Kenbe l', pa lage l'. L'a fè yo respekte ou. 9
Se va yon bèl bagay pou ou, tankou yon kouwòn sou
tèt ou. Se va yon lwanj pou ou kote ou pase. 10 Koute
sa m'ap di ou, pitit mwen. Pa bliye sa m'ap moutre ou
la a, konsa w'a viv lontan. 11 Mwen moutre ou jan pou
ou viv ak bon konprann. Mwen fè ou konnen jan pou ou
mache dwat. 12 Lè w'ap viv avèk bon konprann, anyen
p'ap bare wout ou. Ou mèt ap kouri, ou p'ap janm bite sou
anyen. 13 Pa janm bliye sa yo te moutre ou, kenbe l' fèm.
Pa kite l' chape anba men ou, se tout lavi ou. 14 Pa fè
menm chemen ak mechan yo. Pa swiv egzanp moun ki
deprave yo. 15 Pa fè sa, pa pran chemen sa yo menm.
Refize fè tankou yo, fè chemen pa ou. 16 Mechan yo p'ap
dòmi toutotan yo pa fè sa ki mal. Dòmi pa ka pran yo si
yo pa rive fè sa yo vle fè a. 17 Se nan fè mechanste yo
jwenn manje pou yo manje. Se nan fè moun mal yo jwenn
diven pou yo bwè. 18 Chemen moun k'ap mache dwat yo
tankou solèy k'ap leve. Chak lè, l'ap vin pi klere jouk li fin
jou nèt. 19 Chemen moun mechan yo fè nwa kou lannwit.
Yo pa ka wè sou kisa y'ap bite. 20 Pitit mwen, louvri lespri
ou pou ou konprann byen sa m'ap di ou la a. Louvri zòrèy
ou pou ou koute pawòl k'ap soti nan bouch mwen. 21
Pa janm kite yo soti devan je ou. Kenbe yo nan kè ou.
Pa janm bliye yo. 22 Se lavi pou moun ki jwenn yo. Se
lasante pou tout moun ki konprann yo. 23 Pase tout lòt
bagay, veye byen lide k'ap travay nan tèt ou, paske se yo
k'ap di ou ki jan pou ou viv. 24 Pa janm kite manti soti nan
bouch ou, ni move pawòl, ni mo deplase. 25 Gade dwat
devan ou. Kenbe je ou fikse sou chemen ki dwat devan
ou lan. 26 Chache konnen byen sa w'ap fè. Konsa, tou sa
w'ap fè ap mache byen pou ou. 27 Pa vire ni adwat ni
agoch. Pa lage kò ou nan fè sa ki mal.

5 Pitit mwen, louvri lespri ou pou koute sa m'ap di ou,
mwen menm ki gen bon konprann. Louvri zòrèy ou
pou ou tande konsèy m'ap ba ou, mwen menm ki gen bon
konprann. 2 Konsa, w'a konnen jan pou ou kondi tèt ou
byen. Pawòl ki soti nan bouch ou va moutre jan ou se
moun ki gen bon konprann. 3 Bouch madanm lòt moun
ka dous kou siwo myèl, pawòl ka koule nan bouch yo
tankou dlo. 4 Men, lè tout bagay fini, bouch li anmè kou
fyèl, lang li file tankou kouto de bò. 5 L'ap mennen ou
kote mò yo ye a. Tou sa l'ap fè se pou touye ou. **(Sheol**

h7585) 6 Li p'ap chache chemen lavi. L'ap pwonmennen
toupatou, li pa konnen kote li prale. 7 Koulye a, pitit mwen
yo, koute m' byen. Pa janm bliye sa m' pral di nou la a.
8 Rete lwen yon fanm konsa. Pa janm pwoche bò pòt
lakay li, 9 pou fanm deyò pa fini avè ou, pou ou pa fè nèg
ankòlè touye ou anvan lè ou! 10 Si se pa sa, se etranje ki
va pran tout byen ou yo. Se lòt moun ki va jwi tou sa ou
te travay fè. 11 Lè w'a prèt pou ou mouri, w'a kouche
sou kabann ou ap plenn. Maladi ap manje ou nan tout kò
ou. 12 Lè sa a, w'a di: Poukisa mwen pa t' vle kite yo
rale zòrèy mwen? 13 Mwen pa t' vle koute moun ki t'ap
moutre m' sa pou m' fè. Mwen pa t' louvri zòrèy mwen
lè yo t'ap pale m'. 14 Yon ti kras ankò, mwen t'ap nan
tout kalite malè. La, devan tout moun, mwen t'ap pèdi
repitasyon m'. 15 Bwè dlo nan kannari ou. Se ak madanm
ou ase pou ou rete. 16 Pa fè pitit ak fanm deyò, pou san
ou pa trennen nan lari. 17 Se pou pitit ou grandi anndan
lakay ou. Yo pa ka ap sèvi ou pou y'ap sèvi moun deyò
tou. 18 Fè kè ou kontan ak madanm ou. Pran plezi ou ak
madanm ou renmen depi lè ou te jenn lan. 19 L'ap bèl,
l'ap anfòm tankou nègès banda. Se pou karès li yo toujou
fè kè ou kontan, se pou ou toujou renmen fè lamou ak
li. 20 Pitit mwen, poukisa pou ou renmen yon lòt fanm?
Poukisa pou ou kite madanm ou pou madanm lòt moun?
21 Seyè a wè tou sa w'ap fè. Kote ou pase, je l' sou ou.
22 Mechanste mechan yo se yon pèlen pou pwòp tèt yo.
Sa yo pare pou lòt moun, se yo menm li rive. 23 Y'ap
mouri paske yo pa konn kontwole tèt yo. Y'ap peri paske
yo fin pèdi tèt yo nèt.

6 Pitit mwen, si ou pwomèt pou ou reskonsab dèt yon
zanmi ou fè, si ou bay pawòl ou pou lajan yon lòt moun
prete, 2 si yo pran pawòl ki soti nan bouch ou pou mele
ou, si pwomès ou te fè yo tounen yon pèlen pou ou, 3
ay, pitit mwen! men sa pou ou fè pou ou wete tèt ou nan
traka sa a. Kouri al jwenn zanmi ou lan, kenbe l' kout. 4
Pa dòmi sou sa. Pa kite sa trennen. 5 Degaje ou chape
kò ou anba men l', tankou kabrit k'ap chape kò l' anba
men kaptè, tankou zwazo k'ap bat pou l' sove nan men
chasè. 6 Ou menm parese, al pran leson nan men foumi
yo. Ale wè jan y'ap viv pou ou manyè konprann lavi. 7 Yo
pa bezwen moun pou di yo sa pou yo fè. Yo pa bezwen
moun pou veye yo, ni pou ba yo lòd. 8 Men, yo pase mwa
chalè ap fè pwovizyon. Nan tan rekòt, yo ranmase manje
mete la. 9 Parese, kilè w'a sispann pase tout jounen
ou kouche sou do? Kilè w'a souke kò ou leve sot nan
dòmi? 10 W'ap di: Kite m' fè yon ti dòmi. Kite m' fè yon ti
kabicha non. M'ap lonje kò m' pou m' pran yon ti repo. 11
Antan w'ap dòmi an, san ou pa konnen, se pòv w'ap vin
pi pòv. Grangou ap tonbe sou ou tankou yon vòlè nan
gran chemen. 12 Mechan yo fin deprave. Y'ap mache bay
manti toupatou. 13 Y'ap twenzi je yo sou moun, y'ap peze
gwo zòtèy yo atè. Y'ap fè siy ak dwèt yo. 14 Se move lide
ase ki nan kè yo, yo toujou sou plan. Kote yo pase y'ap
pouse dife. 15 Se poutèt sa, y'ap rete konsa y'ap fini, y'ap
glise tonbe san yo p'ap ka leve ankò. 16 Gen sis bagay
Seyè a pa vle wè. Sa m'ap di la a: Gen menm sèt bagay li
pa ka sipòte: 17 Se moun k'ap gonfle lestonmak yo sou
moun, se moun k'ap bay manti, se moun k'ap touye moun
inonsan, 18 se moun k'ap fè move lide nan tèt yo pou fè
mechanste, se moun ki toujou pare pou fè sa ki mal, 19 se
fo temwen k'ap bay manti sou moun, se moun k'ap mete
frè ak zanmi dozado. 20 Pitit mwen, toujou fè sa papa ou
di ou fè. Pa janm bliye sa manman ou te moutre ou. 21
Kenbe pawòl yo nan kè ou, pa janm bliye yo. Mete yo nan
kou ou tankou yon kolye. 22 Pawòl sa yo va moutre ou
bon chemen nan tou sa w'ap fè. Y'ap pwoteje ou lè w'ap
dòmi lannwit. Y'a ba ou konsèy lè je ou klè. 23 Pawòl sa
yo ap tankou yon lanp pou ou. Sa yo moutre ou ap tankou
yon limyè nan lavi ou. Lè y'ap korije ou, lè y'ap rale zòrèy
ou, se moutre y'ap moutre ou chemen lavi. 24 Y'ap fè ou
rete lwen fanm k'ap twonpe mari yo, pou ou pa pran nan
pawòl dous madan marye ki nan dezòd. 25 Yo te mèt
bèl kou yo bèl, pa kite yo pran tèt ou. Pa kite yo pran tèt
ou lè y'ap fè je dou ba ou. 26 Yon jennès ka koute yon
kraze kòb. Men, yon fanm adiltè dèyè pou l' pran tou sa
ou genyen. 27 Ou pa ka sere dife anndan rad sou ou pou
rad la pa boule. 28 Ou pa ka mache sou chabon dife pou
pye ou pa boule. 29 Konsa tou, se yon gwo danje pou ou
kouri dèyè fanm yon lòt gason. Depi ou manyen yon fanm
konsa, ou gen pou ou peye pou sa. 30 Menm lè yon vòlò
vòlò paske li grangou, se pa sa ki di li pa vòlò pou sa. 31
Si yo bare l', y'ap fè l' peye sèt fwa lavalè sa l' pran an.
Y'a fè l' bay tou sa li gen lakay li. 32 Men, yon nonm ki fè
adiltè, se moun fou li ye, se detwi l'ap detwi tèt li. 33 L'ap
pran baton. Y'ap pase l' anba kont betiz, l'ap toujou wont
pou sa l' fè a. 34 Lè yon mari ap fè jalouzi pou madanm li,
nanpwen move tankou l'. Jou li mete men sou nèg la, pa
gen anyen li p'ap fè l'. 35 Li p'ap asepte lajan. Nanpwen
kado ki pou fè l' bliye sa.

7 Pitit mwen, chonje sa m'ap moutre ou la a. Pa janm
bliye sa m'ap di ou pou fè a. 2 Si ou fè sa m'ap di ou
pou fè a, w'a viv. Konsidere sa m' moutre ou la tankou de
grenn je nan tèt ou. 3 Mete li nan tout dwèt ou tankou bag,
kenbe li nan kè ou pou ou pa janm bliye l'. 4 Considere
konesans tankou sè ou. Konsidere bon konprann tankou
pi bon zanmi ou. 5 Y'ap fè ou rete lwen madanm lòt moun.
Yo p'ap kite ou pran nan pawòl dous madan marye ki nan
dezòd. 6 Yon jou, antan mwen nan fennèt lakay mwen,
mwen t'ap gade nan fant jalouzi a. 7 Mwen wè anpil jenn
gason san esperyans nan lavi. Te gen yonn ladan yo
menm ki te fin fou. 8 Li t'ap mache nan lari a, li rive bò
kay yon fanm. Konsa, konsa, li pran chemen ki mennen
kay fanm lan. 9 Le sa a solèy te kouche, te fin fè nwa. 10
Madanm lan menm vin kontre li. Li te abiye tankou yon
jennès, ak tout plan l' dèyè tèt li. 11 Fanm lan te gen je
chèch, li pa t' wont anyen. Li pa t' kapab rete chita lakay li.
12 Li toupatou nan lari, sou laplas, nan tout kalfou. L'ap
veye, je l' toupatou. 13 Li pase bra l' nan kou ti jennonm
lan. Li bo li, li klere je l' nan je l', li di l': 14 Mwen te gen

pou m' ofri yon bèt pou yo touye pou di Bondye mèsi. Se
jòdi a mwen kit ak angajman mwen an. **15** Se poutèt sa,
mwen vin kontre ou. Mwen t'ap chache ou, mwen jwenn
ou. **16** Mwen ranje kabann mwen ak bon jan dra. Mwen
mete bèl dra koulè ki soti peyi Lejip sou kabann mwen.
17 Mwen fè kabann mwen santi bon. Mwen vide odè flè
jasmen, womaren ak kannèl sou li. **18** Vini non! Ann al
damou jouk li jou. Annou pran plezi nou. Ann fè doudous
jouk nou sou. **19** Mari m' pa la, li pati, li al fè yon vwayaj
byen lwen. **20** Li pati ak anpil lajan nan pòch li. Li p'ap
tounen anvan kenz jou. **21** Se konsa, fanm lan fin pran tèt
ti jennonm lan. Ak bèl pawòl dous li yo, li fè l' asepte.
22 Jennonm lan pran swiv li, tankou bèf y'ap mennen
labatwa, tankou kabrit yo pran nan pèlen **23** k'ap tann
yo vin koupe tèt li, tankou zwazo k'ap mache sou pèlen
san li pa konnen lavi l' an danje. **24** Koulye a, pitit mwen
yo, koute byen. Louvri zòrèy nou, tande sa m'ap di nou.
25 Pa kite kè nou bat pou fanm konsa. Pa kite li fè nou
pèdi chemen nou. **26** Li lakòz anpil gason tonbe mouri. Li
lakòz anpil vanyan gason pèdi lavi yo. **27** Depi ou mete
pye lakay li, ou sou chemen lanmò. W'ap desann yon
pant k'ap mennen ou tou dwat nan simityè. **(Sheol h7585)**

8 Tande byen. Sajès ap rele byen fò. Entèlijans ap pale
fò pou tout moun tande. **2** Li kanpe sou tèt ti mòn yo,
sou bò wout la, nan mitan kalfou yo. **3** L'ap pale byen fò
bò pòtay lavil la, sou tout papòt yo, l'ap di: **4** Nou menm
lèzòm, se ak nou m'ap pale. M'ap rele pou tout moun
ki sou latè tande. **5** Nou menm ki pa gen konprann, vin
aprann sa ki rele gen bon konprann Nou menm k'ap aji
tankou moun fou, vin aprann sa ki rele gen lespri. **6** Louvri
zòrèy nou. Mwen pral di pawòl ki konsekan. Tou sa mwen
pral di yo se bagay ki dwat. **7** Sa m' pral di la a se verite.
Mwen pa kapab bay manti. **8** Tou sa ki soti nan bouch
mwen, se pawòl ki dwat. Nan sa m' di yo pa gen anyen ki
pa vre, pa gen anyen ki kwochi. **9** Yo klè pou moun ki gen
bon konprann. Yo kòrèk pou moun ki gen konesans. **10**
Pito ou chache gen bon konprann pase pou ou gen lajan.
Pito ou chache gen konesans pase pou ou gen pi bon
lò. **11** Paske, mwen menm Bon Konprann, mwen pi bon
pase boul lò. Pa gen anyen ou ta renmen genyen ki ka
konpare avè m'. **12** Mwen menm Bon Konprann, mwen
gen lespri. Mwen gen bon tèt pou m' konprann. **13** Lè yon
moun gen krentif pou Bondye, li rayi sa ki mal. Mwen pa
vle wè moun lògey ak moun awogan, moun ki gen move
kondit ak moun k'ap bay manti. **14** Se mwen ki bay bon
konsèy, ki bay moun ladrès. Mwen gen konprann, mwen
gen fòs pouvwa. **15** Se mwen ki bay wa yo ladrès pou yo
kòmande. Se mwen ki fè chèf yo pase bon lòd pou pa
gen lenjistis. **16** Se mwen menm ki bay tout chèf yo tèt
pou yo kòmande. Se mwen menm ki fè sa tou pou tout
lòt chèf yo ansanm ak tout lòt moun k'ap dirije lèzòm.
17 Mwen renmen moun ki renmen m'. Depi yon moun
chache m', fòk li jwenn mwen. **18** Mwen bay richès, mwen
bay pouvwa. Mwen bay byen k'ap la pou lontan, mwen fè
tout bagay byen. **19** Tou sa mwen bay pi bon lontan pase
pi bon lò ki genyen. Yo pi bon pase ajan. **20** Mwen fè
moun mache dwat devan Bondye. Mwen fè yo mache yon
jan pou yo pa fè moun lenjistis. **21** Lè moun renmen m',
mwen ba yo anpil byen. Mwen plen kay yo ak richès. **22**
Seyè a te fè m' lè li te fèk konmanse ak plan travay li. Li
te fè m' lontan lontan anvan tout bagay. **23** Li te fè m' nan
konmansman nèt, an premye, anvan tout lòt bagay sou
latè. **24** Lè m' te fèk parèt, pa t' ankò gen lanmè. pa t'
ankò gen ankenn sous dlo. **25** Lè m' te fèt la, pa t' ankò
gen ankenn mòn menm. Ata ti mòn yo pa t' ankò nan
plas yo. **26** Bondye pa t' ankò fè latè ak jaden. Pa menm
premye grenn pousyè tè a pa t' ankò fèt. **27** Mwen te la lè
li t'ap mete syèl la nan plas li, lè li t'ap trase liy kote syèl la
kontre ak latè a. **28** Mwen te la lè li t'ap mete nwaj yo nan
syèl la, lè li t'ap fè sous dlo pete anba lanmè a. **29** Mwen
te la lè li t'ap bay dlo lanmè a limit pou l' pa depase, lè li
t'ap poze fondasyon tè a. **30** Mwen te la bò kote l' ap
travay avè l'. Chak jou mwen t'ap fè tout bagay ki te fè l'
plezi. Mwen te toujou kontan travay anba je l'. **31** Mwen te
kontan mache toupatou sou latè. Mwen te pran plezi m'
ak lèzòm. **32** Koulye a, pitit mwen yo, louvri zòrèy nou
pou nou tande mwen. Ala bon sa bon pou moun ki fè sa
m' di yo fè! **33** Louvri zòrèy nou pou nou tande sa m'ap
moutre nou. N'a vin gen bon konprann. Pa meprize bagay
konsa. **34** Ala bon sa bon pou moun ki koute m', pou
moun ki chita nan papòt mwen chak jou, pou moun k'ap
tann bò poto galeri kay mwen! **35** Lè yon moun jwenn
mwen, se lavi li jwenn. Li antre nan favè Bondye. **36** Men
moun ki vire do ban mwen ap fè tèt yo mal. Moun ki rayi
m', se moun k'ap mache ak sèkèy yo anba bra yo.

9 Bon konprann bati kay li, li kanpe l' avèk sèt gwo poto.
2 Li fè yo pare bon vyann pou fè fèt, li fè bon konpoze
ak diven, li ranje tab la byen ranje. **3** Li rele sèvant li yo, li
voye yo moute kote ki pi wo nan lavil la pou fè tout moun
konnen nouvèl la, pou di yo: **4** Nou menm ki poko konn
anyen, vini non! Li rele moun san konprann yo, l'ap di
yo: **5** Vin manje manje mwen an non! Vin bwè bon diven
mwen pare a non! **6** Kite sòt! Vin aprann lavi! Vin mache
nan chemen konesans. **7** Si w'ap kouri dèyè yon moun
k'ap pase moun nan betiz, l'ap joure ou mete sou li. Si
w'ap rale zòrèy yon mechan, l'ap bat ou mete sou li. **8** Pa
janm kouri dèyè yon moun k'ap pase moun nan betiz.
L'a rayi ou. Men, si w'ap kouri dèyè yon moun ki gen
konprann, l'a gen respè pou ou. **9** Si ou pale ak yon moun
ki gen bon konprann, w'ap fè l' gen plis bon konprann
toujou. Plis w'ap moutre yon nonm debyen, plis l'ap mete
sou konesans li. **10** Lè ou gen krentif pou Bondye, se lè
sa a ou konmanse gen bon konprann. Si ou konnen ki
moun Bondye ye, ou gen lespri. **11** Bon konprann ap fè
ou viv lontan. L'ap fè ou wè plizyè lanne. **12** Si ou gen
bon konprann, premye moun k'ap pwofite sa se ou menm.
Konsa tou, si w'ap pase konesans nan betiz, se ou menm
tou k'ap peye konsekans lan pou kont ou. **13** Moun sòt,

se tankou yon fanm ki pale fò, ki pa konn anyen, ki pa
wont anyen. 14 Li chita sou yon chèz devan papòt lakay
li, li kage chèz li kote ki pi wo nan lavil la. 15 L'ap rele
moun ki sou wout yo, ki pa sou bò l'. L'ap di yo: 16 Vini
jwenn mwen non, nou menm ki poko konn anyen! Li pale
ak moun ki san konprann yo, li di yo: 17 Dlo kay moun
toujou pi fre. Manje deyò toujou gen pi bon gou! 18 Men,
moun ki pran nan pawòl fanm sa a pa konnen lè yo mete
pye lakay li se papye lanmò yo yo senyen. Depi yo antre
lakay li, yo deja mouri. **(Sheol h7585)**

10 Men pwovèb wa Salomon yo: Yon pitit ki gen bon
konprann fè kè papa l' kontan. Men, yon pitit san
konprann bay manman l' lapenn. 2 Byen ou rive fè nan
move kondisyon p'ap rapòte ou anyen. Men, lè ou serye,
ou sove lavi ou. 3 Seyè a p'ap kite moun ki mache dwat
soufri grangou. Men, l'ap anpeche mechan an jwenn sa li
anvi a. 4 Parese fè ou pòv, men travay di fè ou rich. 5
Yon nonm ki wè lwen ranmase rekòt li lè rekòt la pare.
Men, se yon wont pou moun ki pase tou tan rekòt la ap
dòmi. 6 benediksyon Bondye ap chita sou yon nonm
debyen. Pawòl yon moun mechan p'ap janm kite ou wè
jan l' mechan. 7 Y'ap toujou chonje yon nonm debyen, y'a
fè lwanj pou li. Men, talè konsa non mechan an ap sèvi
jouman. 8 Moun ki gen bon konprann koute konsèy yo ba
li. Men, moun k'ap pale tankou moun fou pa lwen mouri.
9 Yon nonm serye pa janm bezwen pe anyen. Men, yo
gen pou yo bare moun k'ap fè vis. 10 Moun k'ap twenzi je
yo sou moun, se moun k'ap voye wòch kache men. Men,
moun ki pale kare anpeche kont. 11 Pawòl ki soti nan
bouch moun k'ap mache dwat yo bay lavi. Men, pawòl
yon moun mechan p'ap janm kite ou wè jan l' mechan. 12
Lè ou gen renmen nan kè ou, ou padonnen tout peche.
Men, lè ou rayi moun, ou toujou ap chache kont. 13 Moun
lespri pale bon pawòl. Men, pou moun san konprann, se
baton nan dèyè yo. 14 Moun ki gen bon konprann toujou
ap aprann. Men, lè moun san konprann ap pale, malè pa
lwen. 15 Byen yon moun rich, se pwoteksyon li. Men, depi
yon nonm pòv, nanpwen pwoteksyon pou li. 16 Travay
moun k'ap mache dwat yo bay lavi. Lajan moun k'ap fe
sa ki mal yo se pou malè yo. 17 Moun ki koute lè yo
rale zòrèy yo ap jwenn chemen lavi. Men, moun ki refize
admèt lè yo antò pèdi chemen yo. 18 Moun ki rayi moun
nan kè yo, se moun ou pa ka fye. Tout moun k'ap mache
fè tripotay se moun san konprann. 19 Plis ou pale anpil,
plis ou ka rive fè peche. Lè ou gen bonjan konprann ou
kenbe bouch ou fèmen. 20 Pawòl ki soti nan bouch moun
k'ap mache dwat, se lò. Men, lide k'ap travay nan tèt yon
mechan pa vo anyen. 21 Pawòl ki soti nan bouch moun
k'ap mache dwat ap pwofite anpil moun. Men, moun sòt
yo ap mouri, paske yo pa gen konprann. 22 benediksyon
Bondye bay moun richès. Ou te mèt travay di ou pa
ka mete anyen sou li. 23 Lè moun san konprann ap fè
sa ki mal, se tankou yon jwèt pou yo. Men, yon moun
lespri pran plezi l' nan chache gen bon konprann. 24 Yon
moun ki mache dwat, Bondye va ba li tou sa l' ta renmen
genyen. Men mechan an, se sa l' pè rive l' la k'ap rive
l'. 25 Depi move tan pase, mechan yo disparèt lamenm.
Men, moun k'ap mache dwat yo ap toujou kanpe fèm. 26
Pa janm voye parese fè komisyon pou ou. L'ap ennève ou
menm jan sitwon fè dan moun gasi, menm jan lafimen fè
je moun koule dlo. 27 Krentif pou Bondye fè moun viv
lontan. Men, mechan yo mouri anvan lè yo. 28 Sa moun
k'ap mache dwat yo ap tann lan va rive vre. Men, mechan
yo p'ap janm jwenn sa y'ap tann lan. 29 Chemen Bondye
se yon pwoteksyon pou moun ki serye. Men, l'ap detwi
moun k'ap fè mal yo. 30 Yo p'ap janm ka fè moun k'ap
mache dwat yo brannen. Men, mechan yo ap disparèt nan
peyi a. 31 Lè moun k'ap mache dwat yo ap pale, se bon
koze yo bay. Men, moun k'ap pale mal yo ap disparèt. 32
Moun k'ap mache dwat yo konn bèl pawòl pou yo di. Men,
lang mechan yo, se kouto de bò.

11 Seyè a pa vle wè moun k'ap sèvi ak fo balans. Li
kontan ak moun ki sèvi ak bon mezi. 2 Kote ki gen
lògèy wont pa lwen. Men, moun ki soumèt devan Bondye,
se yo ki gen bon konprann. 3 Moun k'ap mache dwat yo
konnen sa pou yo fè, paske se moun serye yo ye. Men,
moun k'ap mache bay moun koutba, yo gen pou yo fini
mal, paske se bakonyè yo ye. 4 Jou malè, richès pa ka
sèvi ou anyen. Men, si ou se moun serye, sa ka sove lavi
ou. 5 Yon moun k'ap mache dwat ap viv san pwoblèm,
paske li serye. Men, mechan yo ap tonbe nan pwòp pèlen
mechanste yo. 6 Lè yon moun serye fè sa ki dwat, sa ap
sove l'. Men, moun k'ap mache bay moun koutba, y'ap
pran nan move jwèt y'ap fè a. 7 Lè yon mechan mouri, sa
l' t'ap tann lan mouri ansanm avè l'. Konfyans li te mete
nan byen li yo pa sèvi l' anyen. 8 Jou malè, moun ki
mache dwat ap jwenn pwoteksyon. Sa ki pou ta rive l' la,
se mechan an li rive. 9 Moun ki san respè pou Bondye ap
touye moun ak lang yo. Men, konesans ap sove moun
k'ap mache dwat yo. 10 Lè sa mache pou moun serye yo,
tout moun lavil la gen kè kontan. Konsa tou, lè mechan yo
mouri, se kontantman pou tout moun. 11 Se bèl bagay
pou yon lavil lè li gen moun serye ladan l'. Men, mechan
yo ap detwi l' ak lang yo. 12 Avili yon frè parèy ou, se
bagay moun san konprann fè. Yon moun lespri konnen
pou l' pe bouch li. 13 Moun k'ap mache fè tripotay mete
tout sekrè deyò. Men, moun ki toujou kenbe pawòl yo, kè
yo se kòfrefò. 14 Lè pa gen moun ki konn gouvènen, peyi
a pa ka mache. Men, lè gen anpil moun k'ap bay bon
konsèy, peyi a sove. 15 Lè ou pwomèt pou ou peye dèt
yon moun ou pa konnen, w'a gen pou règrèt sa pita. L'a pi
bon pou ou si ou refize bay garanti pou yon lòt. 16 Tout
moun va fè lwanj yon fanm ki gen bon karaktè. Konsa tou,
gason ki gen kouraj nan travay ap jwenn ak kòb li. 17
Lè ou gen bon kè, se yon byen ou fè pou tèt ou. Men,
moun ki san pitye yo, se tèt yo y'ap fè tò. 18 Mechan
yo kwè y'ap fè benefis. Men, moun k'ap fè sa ki dwat yo
toujou jwenn rekonpans yo. 19 Yon moun ki soti pou fè sa
ki dwat ap toujou viv. Men, moun k'ap chache fè sa ki

mal gen pou yo mouri. **20** Seyè a pa vle wè moun k'ap
mache pye gaye. Men, li pran plezi l' ak moun k'ap mache
dwat nan chemen yo. **21** Wè pa wè, yo gen pou yo pini
mechan yo. Men, tout moun k'ap mache dwat yo ap sove.
22 Yon bèl fanm ki nan dezòd se yon bèl zanno lò nan
nen kochon. **23** Lè moun k'ap mache dwat yo jwenn sa
yo te vle a, se kontantman pou tout moun. Men, lè se
mechan yo ki jwenn sa yo t'ap tann lan, sa pa fè pesonn
plezi. **24** Moun ki bay san gad dèyè, sa pa anpeche yo vin
pi rich. Men, moun ki penng, se pòv y'ap vin pi pòv. **25** Lè
ou bay ak kè kontan, ou p'ap janm manke anyen. Lè ou
manje ak moun, ou pa janm rete grangou. **26** Pèp la ap
madichonnen moun k'ap sere manje nan depo pou pri a
ka moute. Men, l'ap fè lwanj pou moun k'ap vann manje a
nan mache. **27** Moun k'ap chache fè sa ki byen ap jwenn
favè Bondye. Men, moun k'ap kouri dèyè malè, se malè ki
pou rive l'. **28** Moun ki mete konfyans yo nan byen yo ap
tonbe tankou fèy chèch. Men, moun k'ap mache dwat yo
ap pouse tankou boujon. **29** Yon nonm ki mete dezòd nan
fanmi li, lakòz madanm li ansanm ak tout pitit li yo nan tou
sa ki pa bon. Moun san konprann ap toujou esklav moun
ki gen bon konprann. **30** Lè ou mache dwat, sa fè moun
viv. Lè ou gen bon konprann, ou sove lòt moun. **31** Gade!
Moun ki mache dwat jwenn rekonpans yo isit sou latè.
Men, nou pa bezwen mande si moun k'ap fè mechanste
ak moun k'ap viv nan peche p'ap jwenn ak pa yo tou!

12 Moun ki renmen yo korije yo, se moun ki toujou vle
konnen. Men, moun ki pa renmen yo rale zòrèy yo,
se moun san konprann. **2** Seyè a kontan ak moun k'ap fè
sa ki byen. Men, l'ap kondannen moun ki toujou sou plan.
3 Fè mechanste pa bay moun fòs pou yo rete kanpe.
Men, moun ki mache dwat p'ap janm brannen. **4** Yon bon
madanm se yon lwanj li ye pou mari li. Men, yon madanm
ki fè mari l' wont, se tankou yon maladi k'ap manje ou nan
zo. **5** Yon nonm serye p'ap janm mete nan tèt li pou l' fè
ou lenjistis. Men, mechan yo ap toujou chache twonpe ou.
6 Pawòl ki soti nan bouch mechan se pèlen pou touye
moun. Men, pawòl ki soti nan bouch moun k'ap mache
dwat yo, se delivrans pou moun ki an danje. **7** Rive yon
lè, pye mechan yo chape. Ou chache yo, ou pa wè yo.
Men, fanmi moun k'ap mache dwat yo ap toujou la. **8**
Y'ap fè lwanj moun ki gen konprann. Men, y'ap meprize
moun ki malveyan. **9** Pito ou pase pou malere men ou
gen manje pou ou manje, pase pou ou pran pòz grannèg
ou epi w'ap mouri grangou. **10** Moun ki mache dwat okipe
ata zannimo nan lakou yo. Men, mechan yo san zantray.
11 Moun ki travay jaden ap jwenn manje pou yo manje
plen vant yo. Men, moun k'ap pèdi tan yo nan fè bagay
san valè, se san konprann yo ye. **12** Mechan toujou ap fè
gwo lide dèyè bagay mechan parèy yo pran. Men, moun
k'ap mache dwat ap fè bagay k'ap rapòte yo. **13** Pawòl ki
soti nan bouch moun mechan tounen yon pèlen pou yo.
Men, moun k'ap mache dwat ap soti nan tout move pa. **14**
Rekonpans yon moun chita sou sa li di ak bouch li. Sa ou
fè se sa ou wè. **15** Moun sòt toujou konprann sa y'ap fè a
byen. Men, moun ki gen bon konprann koute konsèy yo
ba yo. **16** Lè yon moun san konprann ankòlè, tout moun
wè sa lamenm. Men, yon moun veyatif, lè ou fè l' malonèt,
li fè tankou li pa konprann. **17** Lè ou di verite nan tribinal,
ou rann lajistis sèvis. Men, temwen k'ap bay manti, se
lenjistis l'ap ankouraje. **18** Pawòl moun ki di tou sa ki vin
nan bouch yo se kout ponya. Men, pawòl moun ki gen
bon konprann se renmèd. **19** Manti la pou yon ti tan. Men,
verite la pou tout tan tout tan. **20** Moun k'ap kalkile jan
pou yo fè moun mal, se move kou y'ap chache pote. Men,
moun k'ap bay bon konsèy ap gen kè kontan. **21** Malè pa
janm rive moun k'ap mache dwat. Men, pou mechan yo
se apse sou klou. **22** Seyè a pa vle wè moun k'ap manti.
Men, li kontan nèt ak moun ki toujou kenbe pawòl yo. **23**
Moun lespri pa janm nan fè moun wè tou sa yo konnen.
Men, moun san konprann ap mache fè moun wè jan yo
sòt. **24** Travay di fè ou grannèg. Men, parese fè ou rete
ak moun. **25** Tèt chaje kraze kouraj yon moun. Men, yon
bon pawòl fè kè l' kontan. **26** Moun ki mache dwat ap
toujou moutre zanmi l' bon chemen. Men, mechan an ap
fè yo pèdi chemen yo. **27** Parese ap toujou rete grangou.
Tout richès yon moun se travay li. **28** Fè sa ki dwat, w'a
jwenn ak lavi. Fè sa ki mal, w'a jwenn ak lanmò.

13 Yon pitit gason ki gen bon konprann ap koute lè
papa l' ap rale zòrèy li. Men, moun k'ap pase moun
nan betiz p'ap janm koute lè y'ap fè l' obsèvasyon pou
korije l'. **2** Rekonpans yon moun chita sou sa li di ak
bouch li. Men, moun ki ipokrit renmen fè mechanste. **3**
Veye pawòl ki soti nan bouch ou, w'a pwoteje lavi ou.
Moun k'ap prese louvri bouch yo pale ap detwi pwòp tèt
yo. **4** Parese p'ap janm jwenn sa yo ta renmen genyen.
Men, moun k'ap travay di ap jwenn tou sa yo ta renmen
genyen. **5** Moun k'ap mache dwat pa vle wè moun k'ap
bay manti. Men, sa mechan yo ap fè a se yon wont, se
yon dezonè pou tèt yo. **6** Lè ou toujou fè sa ki byen, lajistis
ap pwoteje ou. Men, peche lakòz mechan yo disparèt. **7**
Gen moun ki pa gen anyen men ki pran pòz moun rich yo.
Gen moun ki pran pòz moun pòv yo, epi se yo ki gen
fòtin. **8** Yon moun rich sèvi ak lajan l' pou l' sove lavi l'.
Moun ki pòv pa vle tande lè w'ap rele dèyè l'. **9** Moun k'ap
mache dwat yo tankou lanp k'ap klere byen klere. Men,
mechan yo tankou yon lanp ki prèt pou mouri. **10** Moun
awogan yo toujou ap pouse dife. Men, moun ki koute
konsèy, se moun ki gen bon konprann. **11** Lajan ou fè
fasil pa lwen fini. Lajan ou fè nan di ap toujou fè pitit. **12**
Lè ou pa jwenn sa ou t'ap tann lan, se bagay ki pou fè ou
malad. Men, lè ou jwenn sa ou te anvi a, se lavi pou ou.
13 Lè ou pa respekte pawòl ki nan lalwa Bondye a, se
dèt ou fè. Men, moun ki fè sa lalwa mande yo fè a ap
jwenn rekonpans yo. **14** Sa moun ki gen bon konprann ap
moutre a bay lavi. L'ap ede ou pou ou pa tonbe lè lavi
ou an danje. **15** Lè ou gen bon konprann, sa fè moun
renmen ou. Men, lè moun pa ka fè ou konfyans, ou nan
di. **16** Tout moun ki gen konprann kalkile byen anvan yo
fè yon bagay. Men, moun san konprann yo ap fè ou wè

jan yo sòt. **17** Yon move komisyonè ap mete moun nan
ka. Men, yon komisyonè serye ap bay moun kè poze. **18**
Yon moun ki refize aprann ap toujou pòv, l'ap toujou wont.
Men, y'ap respekte moun ki koute lè yo rale zòrèy yo. **19**
Ala bon sa bon lè ou jwenn sa ou te anvi a! Moun san
konprann derefize kite move chemen yo pran an. **20** Fè
zanmi ak moun ki gen konesans, ou menm tou w'a vin
gen konesans. Fè zanmi ak moun ki san konprann, ou
nan pwoblèm. **21** Malè ap pousib moun k'ap fè sa ki mal.
Men, moun ki mache dwat ap jwenn bon rekonpans. **22**
Yon moun ki gen bon kè ap kite byen pou pitit pitit li. Men,
richès moun k'ap fè sa ki mal, se moun ki mache dwat yo
k'ap jwi li. **23** Jaden malere bay kont manje. Men, lenjistis
fè l' mouri grangou. **24** Si ou pè bat pitit gason ou, ou pa
renmen l'. Si ou renmen l', se pou ou korije l'. **25** Moun
k'ap mache dwat toujou gen ase pou yo manje. Men, vant
mechan yo pa janm plen.

14 Bon konprann yon fanm fè kay li mache byen. Men,
yon fanm sòt ap kraze kay li ak pwòp men li. **2** Moun
ki mache dwat, se yo ki gen krentif pou Seyè a. Men,
moun k'ap mache kwochi pa pran Bondye pou anyen. **3**
Pawòl nan bouch moun san konprann, se fwèt pou dèyè
yo. Men, pawòl nan bouch moun ki gen bon konprann, se
pwoteksyon yo. **4** Kote ki pa gen bèf pou rale chari pa
gen rekòt. Lè bèt ou anfòm w'ap fè bon rekòt. **5** Yon bon
temwen p'ap bay manti. Yon fo temwen p'ap di verite. **6**
Moun ki gen lògèy plen kè yo, yo mèt chache konesans,
yo p'ap janm jwenn li. Men, pou moun ki gen lespri, se
bagay fasil. **7** Pa pwoche bò kote moun san konprann. Se
pa anba bouch yo w'ap pran anyen. **8** Moun ki gen bon
konprann konnen sa l'ap fè. Moun sòt mete nan tèt li li
konnen, men se tèt li l'ap twonpe. **9** Moun sòt pran peche
sèvi jwèt. Men, moun k'ap mache dwat pare pou rekonèt
tò yo. **10** Lè ou nan lapenn, se ou ki konnen sa w'ap soufri.
Konsa tou, lè kè ou kontan, pesonn pa ka kontan avè ou.
11 Fanmi mechan yo gen pou disparèt. Men, fanmi moun
k'ap mache dwat yo gen pou devlope. **12** Chemen ou kwè
ki bon an, se li ki mennen tou dwat nan lanmò. **13** Ou
mèt ap ri, kè ou ka nan lapenn. Apre kontantman, se kè
sere. **14** Moun k'ap fè sa ki mal ap jwenn sa l'ap chache
a. Konsa tou, moun k'ap fè byen an ap jwenn rekonpans
li. **15** Yon moun sòt ap kwè tou sa yo di l'. Men, moun ki
gen konprann veye kote l'ap mete pye l'. **16** Moun ki gen
bon konprann pran prekosyon yo, yo egzante malè. Moun
sòt yo awogan, yo toujou konprann zafè yo bon. **17** Lè
yon moun gen san wo, l'ap toujou fè betiz. Men, moun
ki kalkile anvan ap toujou rete kè pòpòz. **18** Moun san
konprann aji tankou moun fou. Men, rekonpans moun ki
gen lespri se konesans. **19** Move moun gen pou wete
chapo devan bon moun. Moun mechan gen pou bese tèt
devan moun k'ap mache dwat yo. **20** Lè ou pòv, ou pa
gen zanmi. Lè ou rich, ou plen zanmi. **21** Se yon peche
ou fè lè ou meprize frè parèy ou. Men, ala bon sa bon pou
moun ki gen pitye pou pòv malere! **22** Lè w'ap chache fè
sa ki mal, ou pèdi chemen ou. Men, lè w'ap chache fè sa
ki byen, moun ap toujou renmen ou, yo p'ap janm lage ou.
23 Travay, w'a jwenn tou sa ou bezwen. Rete chita ap
pale anpil ap rann ou pòv. **24** Rekonpans moun ki gen
konprann se konesans. Moun san konprann ap toujou aji
tankou moun sòt. **25** Lè yon temwen di laverite, li sove
lavi inonsan. Lè li bay manti, li twonpe jij yo. **26** Lè yon
moun gen krentif pou Bondye, li gen kote pou l' apiye. Pitit
li yo ap jwenn pwoteksyon bò kot Bondye. **27** Gen krentif
pou Bondye, w'a gen lavi. Ou p'ap tonbe lè lavi ou an
danje. **28** Tout pouvwa yon wa, se lè peyi l'ap kòmande a
gen anpil moun. Men, lè pa gen moun nan peyi a, wa a pa
vo anyen. **29** Moun ki pa fè kòlè fasil, se moun ki gen bon
konprann. Men, moun ki gen san wo fè wè jan li sòt. **30** Lè
ou gen kè ou poze, ou kenbe kò ou an sante. Men, anvye
sò lòt moun se tankou yon maladi k'ap manje ou nan zo.
31 Lè w'ap peze pòv malere, se Bondye ki fè l' la w'ap
derespekte. Men, lè ou aji byen ak pòv, se pi bèl sèvis ou
ka rann Bondye. **32** Mechanste mechan an, se sa k'ap
jete l' atè. Men, moun ki fè sa ki byen, y'ap pwoteje l'
menm lè lavi l' an danje. **33** Moun ki gen konprann, se
tout tan y'ap chache konnen. Men, moun sòt pa chache
konnen anyen. **34** Lè gen jistis nan yon peyi, sa leve peyi
a. Men, peche lenjistis se yon wont pou yon nasyon. **35**
Wa a kontan lè moun k'ap travay avè l' yo fè travay yo
byen. Men, l'ap move sou moun k'ap fè travay yo mal.

15 Yon bon repons dous ap kalme yon moun ki ankòlè.
Men, si ou reponn li rèd, w'ap fè l' pi eksite. **2**
Pawòl ki soti nan bouch moun ki gen bon konprann fè
ou anvi konnen tou. Men, pawòl ki soti nan bouch moun
san konprann, se pawòl san sans. **3** Je Seyè a toupatou,
l'ap veye tout moun, bon kou mechan. **4** Bon pawòl yon
zanmi bay lavi. Men, move pawòl demanbre. **5** Moun fou
pa koute lè papa yo ap pale yo. Men, moun ki gen bon
konprann koute lè y'ap rale zòrèy yo. **6** Moun ki mache
dwat ap toujou gen sa yo bezwen an kantite lakay yo.
Men, tou sa mechan yo genyen se tèt chaje pou yo. **7** Lè
moun ki gen bon konprann yo ap pale, se konesans y'ap
bay. Men, se pa menm bagay pou moun ki san konprann
yo. **8** Seyè a pa ka sipòte lè mechan yo ap ofri bèt pou
touye pou li. Men, sa fè l' plezi anpil lè moun k'ap mache
dwat yo ap lapriyè nan pye l'. **9** Seyè a pa ka sipòte jan
mechan yo ap viv la. Men, li renmen moun k'ap fè sa ki
dwat devan li. **10** Moun ki fè sa ki mal mèt pare tann
pinisyon yo. Men, moun ki pa ka sipòte pou yo pini yo pa
lwen mouri. **11** Seyè a konnen sa k'ap pase nan twou san
fon an ak nan peyi kote mò yo ye a. Ou pa bezwen mande
si l' pa konnen sa k'ap pase nan kè moun. **(Sheol h7585)**
12 Moun k'ap pase moun nan betiz pa renmen moun rale
zòrèy yo. Yo pa janm mande moun ki gen bon konprann
konsèy. **13** Lè kè ou kontan, yo wè sa sou figi ou. Lè ou
nan lapenn, ou kagou. **14** Yon moun ki gen konprann
toujou ap chache gen konesans. Men, moun sòt pran
plezi nan pale koze san sans. **15** Lè ou nan lafliksyon,
chak jou se pwoblèm. Men, lè kè ou kontan, lavi se yon fèt

pou ou. **16** Pito ou pa gen anpil byen men ou gen krentif
pou Bondye pase pou ou rich epi pou ou nan tèt chaje. **17**
Pito ou manje mayi moulen blanch ak moun ki renmen ou
pase pou ou manje vyann ou byen gra ak moun ki rayi ou.
18 Yon moun ki gen san wo toujou ap pouse dife. Men,
moun ki pa fè kòlè fasil toujou ap mete lapè. **19** Lè ou
parese, ou wè pwoblèm toupatou. Men, pou moun ki pa
pè travay, pa gen pwoblèm ki pou rete l'. **20** Yon pitit byen
elve fè kè papa l' kontan. Men, yon moun ki san konprann
meprize manman l'. **21** Moun ki san konprann kontan lè
y'ap aji tankou moun fou. Men, moun ki gen konprann ap
toujou fè sa ki dwat. **22** Lè ou pa pran konsèy, plan travay
ou p'ap mache. Lè ou pran konsèy nan men anpil moun,
ou mèt sèten travay ou ap mache byen. **23** Ala kontan ou
kontan lè ou jwenn yon bon repons pou ou bay! Ala bon
sa bon lè ou jwenn yon pawòl ki tonbe daplon! **24** Moun ki
gen konprann, se yon chemen moute y'ap swiv, chemen
lavi a. Yo pa pran chemen desann, chemen lanmò a.
(Sheol h7585) **25** Seyè a ap disparèt moun awogan yo
ansanm ak tout fanmi yo. Men, l'ap pwoteje kay fanm ki
pèdi mari yo. **26** Seyè a pa ka sipòte lide mechan yo gen
nan tèt yo. Men, sa fè l' plezi pou l' tande pawòl moun ki
san repwòch. **27** Moun k'ap kouri dèyè lajan, se traka y'ap
chache bay fanmi yo. Men, moun ki refize kite yo achte l'
ap viv lontan. **28** Yon moun ki dwat kalkile anvan li bay
repons. Men, mechan yo prese bay move pawòl. **29** Lè
mechan yo ap lapriyè, Seyè a pa sou bò yo. Men, li pare
zòrèy li pou l' koute sa moun ki mache dwat yo ap di l'. **30**
Ou kontan lè ou wè moun ki kontan wè ou. Ou santi w'ap
viv lè ou resevwa bon nouvèl. **31** Moun ki koute lè y'ap
rale zòrèy yo pou byen yo va jwenn yon plas nan sosyete
moun ki gen bon konprann. **32** Moun ki refize mache sou
prigad yo rayi tèt yo. Men, moun ki asepte lè yo rale zòrèy
yo ap vin gen plis konprann. **33** Lè ou gen krentif pou
Bondye, ou deja konprann anpil bagay. Lè ou soumèt
devan Bondye, moun va fè lwanj ou.

16 Lèzòm fè lide nan kè yo. Men, dènye mo a nan men
Bondye. **2** Lèzòm mete nan lide yo tou sa yo fè
bon. Men, pa bliye se Bondye k'ap jije sa ki nan kè yo. **3**
Mande Seyè a pou l' beni tout travay w'ap fè, w'ap reyisi
nan tou sa w'ap fè. **4** Tou sa Seyè a fè, li gen yon rezon ki
fè l' fè li. Menm mechan an, li kreye l' pou l' ka pini l'. **5**
Seyè a pa ka sipòte moun k'ap gonfle lestonmak yo sou
moun. Wè pa wè, l'ap fè yo peye sa. **6** Si ou pa janm vire
do bay Bondye, si ou toujou kenbe pawòl ou, Bondye
va padonnen peche ou yo. Lè yon moun gen krentif pou
Bondye, l'ap evite fè sa ki mal. **7** Lè yon moun ap viv yon
jan ki fè Seyè a plezi, Seyè a ap fè ata lènmi l' yo aji byen
avè l'. **8** Pito ou fè ti pwofi nan fè sa ki dwat pase pou ou
fè gwo benefis nan fè sa ki mal. **9** Lèzòm fè plan travay
yo nan kè yo. Men, se Seyè a k'ap dirije sa y'ap fè a. **10**
Lè yon wa pale, se tankou si se te Bondye ki pale. Lè l'ap
jije, li p'ap janm rann move jijman. **11** Seyè a mande pou
yo sèvi ak bon balans pou peze. Li pa vle pou yo sèvi ak
move mezi nan kòmès. **12** Wa yo pa ka sipòte lè moun
ap fè mechanste, paske tout fòs yon gouvènman se lè li
defann dwa tout moun. **13** Wa a kontan ak tout moun ki
di verite. Li renmen moun ki pa nan bay manti. **14** Lè
wa a move, atansyon, moun ka mouri! Moun ki gen bon
konprann ap toujou chache fè kè wa a kontan. **15** Lè wa a
kontan, se lavi pou tout moun. Lè li bay yon moun favè l',
se tankou yon nwaj ki pote yon bon lapli prentan. **16** Pito
ou gen bon konprann pase pou ou gen byen. Pito ou gen
konesans pase ou gen lajan. **17** Moun ki mache dwat fè
chemen yo yon jan pou yo pa fè sa ki mal. Gade kote
w'ap mete pye ou pou ou pa mouri mal. **18** Lè ou gen
lanbisyon, yo pa lwen kraze ou. Lè w'ap fè awogans, ou
pa lwen mouri. **19** Pito ou mennen ti vi ak pòv malere
yo pase pou ou nan separe ak awogan yo nan sa yo
vòlò. **20** Moun k'ap repase nan tèt li tou sa yo moutre l'
va wè zafè l' mache byen. Ala bon sa bon pou moun ki
mete konfyans yo nan Seyè a! **21** Lè yon moun gen bon
konprann, yo di li gen lespri. Lè ou pale byen sa fè ou gen
plis konesans. **22** Moun ki gen bon konprann gen lavi.
Men, moun sòt ap toujou sòt. **23** Yon moun ki gen bon
konprann kalkile anvan li pale. Konsa pawòl li vin gen plis
pèz. **24** Bon pawòl se siwo myèl. Yo bon pou sante ou, yo
dous pou nanm ou. **25** Chemen ou kwè ki bon an, se li ki
mennen ou tou dwat nan lanmò. **26** Grangou fè ou travay
rèd, paske ou bezwen manje pou ou mete nan bouch. **27**
Mechan an toujou ap chache jan pou li fè moun mal. Ata
pawòl nan bouch li boule tankou dife. **28** Ipokrit toujou ap
pouse dife. Moun k'ap fè tripotay mete zanmi dozado. **29**
Mechan an pran tèt kanmarad li, li fè l' fè sa ki pa bon. **30**
Moun k'ap twenzi je yo sou moun, se moun ki gen move
lide dèyè tèt yo. Moun k'ap fè siy sou moun, se moun ki
sou move kou. **31** Cheve blan se bèl rekonpans. Moun ki
mache dwat va viv lontan. **32** Pito ou aji ak pasyans pase
pou ou fè fòs sou moun. Pito ou konn kontwole tèt ou
pase pou ou gwo chèf lame k'ap mache pran lavil. **33**
Moun tire kat pou yo konnen sa pou yo fè. Men, desizyon
an se nan men Bondye li ye.

17 Pito ou manje yon grenn bannann chèch ak kè poze
pase pou ou fè gwo fèt nan mitan dezagreman. **2**
Yon esklav ki gen konprann va chèf sou yon pitit ki fè
papa l' wont. L'a jwenn pa l' nan eritaj papa a tankou tout
pitit. **3** Se dife sèl ki ka fè ou konnen si lò osinon ajan
ou genyen an se bon kalite. Konsa tou, se Seyè a sèl
ki konnen sa ki nan kè moun. **4** Mechan yo toujou prèt
pou koute moun k'ap di move pawòl. Zòrèy mantò yo
toujou louvri pou koute moun k'ap bay manti. **5** Lè w'ap
pase yon pòv malere nan betiz, se Bondye ki fè l' la w'ap
derespekte. Moun ki kontan lè malè rive yon lòt, Bondye
ap pini l'. **6** Pitit pitit se rekonpans granmoun. Manman ak
papa se kontantman pitit. **7** Yon moun sòt pa ka di anyen
ki bon. Konsa tou, yon moun serye pa nan bay manti. **8**
Moun ki sèvi ak lajan pou pran tèt moun konprann lajan
se wanga. Yo kwè se pou yo reyisi nan tou sa y'ap fè. **9**
Si ou vle moun renmen ou, padonnen lè yo fè ou mal.

Si w'ap mache repete bagay moun fè ki mal, w'ap mete
zanmi dozado. 10 Lè ou fè yon moun ki gen konprann
repwòch, sa touche kè l'. Men, ata san kout baton p'ap
chanje yon moun sòt. 11 Mechan toujou ap fè rebelyon,
men y'a voye yon sanmanman regle avè l'. 12 Pito ou
kontre ak yon manman lous k'ap chache pitit li pase pou
ou tonbe sou yon moun fou foli moute. 13 Si ou aji mal
avèk moun ki fè ou byen, malè ap toujou rive lakay ou. 14
Lè yon kont pete, se tankou dlo ki kase dig kannal. Anvan
batay mete pye, chape kò ou. 15 Se de kalite moun Seyè
a pa ka sipòte: moun k'ap kondannen inonsan ak moun
k'ap pran pou mechan yo. 16 Yon moun sòt te mèt gen
kont lajan nan men l', li p'ap janm ka gen konesans. Li pa
gen konprann. 17 Yon bon zanmi p'ap janm trayi. Jou
malè l'ap tankou yon frè pou ou. 18 Fòk yon moun pèdi tèt
li nèt pou l' garanti dèt yon lòt moun. 19 Moun ki renmen
chache kont renmen fè sa ki mal. Moun k'ap pale avèk
awogans, se moun k'ap mache ak sèkèy yo anba bra yo.
20 Yon moun ki pa gen bon lide nan tèt li p'ap janm gen kè
kontan. Moun ki gen move lang ap toujou nan traka. 21
Se lapenn pou yon papa ki fè yon pitit ki san konprann.
Papa yon pitit sòt p'ap janm gen kè kontan. 22 Kè kontan
bay lasante. Men, lè ou kagou, w'ap deperi sou pye. 23
Malveyan pran lajan nan men moun pou enpoze jistis
fèt. 24 Yon moun ki gen bon konprann toujou ap chache
konesans. Men, moun sòt pa konn sa li vle. 25 Yon timoun
ki san konprann, se chagren pou papa l', se gwo lapenn
pou manman l' ki fè l'. 26 Se pa jistis pou inonsan peye
pou koupab. Pa gen jistis lè yo bat moun ki pa fè mal. 27
Moun ki gen konesans pa nan pale anpil. Moun ki rete
dousman se moun ki gen konprann. 28 Moun ki gen lespri
pa janm cho pou pale. Men moun sòt, lè yo rete ak bouch
yo fèmen, yo pase pou moun ki gen konprann.

18 Moun k'ap viv apa se tèt li ase li konnen. Li move
sou tout moun ki vle ba li bon konsèy. 2 Moun sòt
pa pran plezi l' nan chache konprann. Tou sa l'ap chache
se fè moun konprann li gen lespri. 3 Y'ap meprize moun
k'ap fè mechanste. Moun ki pa fè respè tèt yo gen pou yo
wont. 4 Pawòl moun ki gen konprann fon kou lanmè, fre
tankou yon sous k'ap koule tout tan. 5 Sa pa bon pou
ou pran pou moun mechan, ni pou ou enpoze yo rann
moun inonsan jistis. 6 Depi moun sòt ap pale, se kont l'ap
chache. Si ou koute pawòl nan bouch li, w'a ba l' kou. 7
Bouch moun sòt se kondannasyon li. Pawòl ki soti nan
bouch li tounen pèlen pou li. 8 Tripotay dous nan zòrèy
moun ki vle tande yo. Sa mache nan san yo. 9 Moun ki
parese nan travay li se menmman parèyman ak moun
k'ap defèt sa k'ap fèt. 10 Seyè a, se yon gwo ranpa byen
solid. Se la moun k'ap mache dwat yo kouri al chache
pwoteksyon. 11 Pou moun rich yo, byen yo tankou yon
ranpa byen solid. Yo mete nan tèt yo se sa k'ap pwoteje
yo. 12 Lè w'ap fè awogans, yo pa lwen kraze ou. Lè ou fè
kò ou piti, y'a fè lwanj ou. 13 Moun ki prese reponn san
koute sa y'ap di l', se moun sòt li ye. Li gen pou l' wont.
14 Lè yon moun anvi viv, sa ede l' anpil lè li malad. Men,
si li dekouraje, ki moun ki ka remoute kouraj li? 15 Yon
moun lespri ap toujou chache gen plis konesans. Zòrèy
moun ki gen bon konprann toujou pare pou l' ka konnen
plis toujou. 16 Kado ou fè louvri chemen pou ou toupatou,
ata chemen ki mennen lakay grannèg. 17 Moun ki pale
anvan nan tribinal toujou sanble li gen rezon. Lè lòt moun
lan parèt, kat je kontre, manti kaba. 18 Lè de grannèg gen
kont, jij yo fè tiraj osò pou konnen kilès pou yo bay rezon.
19 Li pi fasil pou mete lapè nan yon gwo lavil pase pou ou
rekonsilye de frè ki nan kont. Lè yo fache, kè yonn se pòt
prizon pou lòt. 20 Rekonpans yon moun chita sou sa ki
soti nan bouch li. 21 Sa ou di ka lavi pou ou, li ka lanmò
pou ou. Sa ou chwazi, se sa w'ap jwenn. 22 Lè yon nonm
jwenn yon bon madanm, se yon bon bagay. Se yon gwo
favè Seyè a fè l'. 23 Lè yon pòv ap pale, li toujou nan
tanpri souple. Men, moun rich toujou ap rele sou moun.
24 Gen zanmi se pran yo vin pran. Men, gen zanmi tou yo
plis pase frè.

19 Pito ou pòv men ou se nèg serye pase pou w'ap
bay manti epi pou ou sòt met sou li. 2 Sa pa bon
pou ou prese fè anyen san ou pa konprann sa w'ap fè. Si
ou pa gen pasyans, ou ka nan pwoblèm. 3 Se sotiz yon
nonm ki fini avè l'. Apre sa, li konprann pou l' fache sou
Bondye. 4 Lè ou gen lajan, ou toujou gen zanmi. Men
lè ou pòv, dènye zanmi vire do ba ou. 5 Lè yon moun
ap sèvi temwen nan tribinal, si li fè manti, yo gen pou
yo pini l'. Pa gen rechap pou moun k'ap bay manti. 6
Anpil moun ap achte figi grannèg. Tout moun vle zanmi
moun k'ap bay favè. 7 Lè ou pòv, ata frè ou pa vle wè
ou. Ou pa bezwen mande si zanmi p'ap lage ou! Tout
chache w'ap chache pale ak yo, yo pa okipe ou! 8 Si ou
renmen tèt ou, chache gen konprann. Pa bliye sa ou te
aprann, zafè ou va mache byen. 9 Lè yon moun ap sèvi
temwen nan tribinal, si li fè manti, yo gen pou yo pini l'.
Moun k'ap bay manti gen pou mouri. 10 Yon moun ki san
konprann pa fèt pou gen tout bagay, ni yon esklav pa fèt
pou chèf sou grannèg. 11 Yon moun ki gen bon konprann
pa fè kòlè fasil. Tout kalite li, se pa okipe moun ki fè mal.
12 Lè yon wa ankòlè, se tankou yon lyon k'ap gwonde.
Men, favè yon chèf se tankou lapli sou jaden. 13 Yon pitit
ki san konprann se yon malè pou papa l'. Yon fanm ki
toujou ap chache kont, se yon goutyè k'ap degoute dlo
san rete. 14 Kay ak lajan, se byen manman ak papa ka
mouri kite pou ou. Men, yon fanm ki gen konprann, se
Seyè a ase ki ka fè ou jwenn sa. 15 Parès fè je ou toujou
lou. Moun ki rete san fè anyen ap rete grangou. 16 Moun
ki fè sa Bondye mande ap viv lontan. Moun ki pa mache
jan Bondye vle l' l'a pa lwen mouri. 17 Lè ou bay pòv
lacharite, se Bondye ou prete. Se li menm ki va renmèt
ou sa. 18 Korije pitit ou yo lè yo piti toujou. Men, pa bat
yo jouk ou touye yo. 19 Moun ki gen san wo ap peye
konsekans zak li yo. Si ou wete l' nan move pa a yon
fwa, w'ap blije fè l' pou li tout tan. 20 Koute konsèy y'ap
ba ou. Louvri zòrèy ou pou aprann. Konsa w'a gen bon
konprann jouk ou mouri. 21 Yon moun te mèt fè tout kalite

lide nan tèt li. Men, sa Seyè a vle a, se sa ki pou rive. 22
Tou sa yo mande yon moun se pou l' gen bon kè. Pito
yon moun pòv pase l' mantò. 23 Gen krentif pou Bondye,
w'a jwenn lavi, w'ap toujou kontan. Malè p'ap rive ou. 24
Gen moun ki sitèlman parese ata manje yo pa vle mete
nan bouch yo. 25 Pase awogan yo yon je baton, moun
san konprann yo va konprann. Rale zòrèy moun ki gen
konprann yo, y'a vin gen plis konesans. 26 Se yon wont,
se yon dezonè pou yon pitit aji mal ak papa l', osinon
pou l' mete manman l' deyò lakay li. 27 Pitit mwen, lè
ou sispann aprann, ou pa lwen bliye sa ou konnen deja.
28 Yon temwen k'ap bay manti pase lajistis nan betiz.
Mechan yo pran plezi nan fè mechanste. 29 Baton an tou
la pou moun k'ap pase moun nan betiz. Fwèt la tou pare
pou dèyè moun ki san konprann.

20 Twòp bweson fè ou pase moun nan betiz. Twòp
gwòg fè ou pete kabouyay, fè lòbèy. Lè ou sou, ou
aji tankou moun fou. 2 Lè yon wa ankòlè, se tankou yon
lyon k'ap gwonde. Moun ki mete l' ankòlè a, se pwòp tèt li
l'ap fè mal. 3 Se bèl bagay lè yon moun evite diskisyon.
Moun san konprann toujou ap chache kont. 4 Parese pa
pare tè li lè pou l' te pare l', li di fè twò frèt. Lè rekòt rive, li
pa jwenn anyen nan jaden l'. 5 Lide yon nonm gen nan tèt
li, se tankou dlo nan yon pi byen fon. Men, yon moun
lespri ka rale yo mete deyò. 6 Anpil moun ap mache di
jan yo se moun serye. Men, ou pa fasil jwenn yon moun
ou ka fè konfyans. 7 Lè yon papa se moun serye, li fè sa
ki dwat. Sa bon nèt pou pitit li yo. 8 Lè yon wa chita sou
fòtèy li, l'ap rann jistis, li wè sa ki mal ak sa ki byen. 9 Ki
moun ki ka di: mwen lave konsyans mwen, mwen wete
tout peche ki te sou li? 10 Seyè a pa ka sipòte moun
k'ap sèvi ak de pwa de mezi. 11 Yon timoun moutre ou
sa l'ap soti nan sa l'ap fè. Ou ka di si l'ap serye, si l'ap
bon. 12 Se Seyè a ki ban nou je pou nou ka wè, se li
menm ki ban nou zòrèy pou nou ka tande. 13 Pa renmen
dòmi twòp pou ou pa vin pòv. Souke kò ou. W'a jwenn
kont manje pou ou manje. 14 Lè moun ap machande,
machandiz pa janm bon. Fini yo fin achte, y'ap mache di
jan yo fè yon bon zafè. 15 Lè yon moun ki gen konprann
ap pale sa gen plis valè pase kantite lò ak pyè ki koute
chè. 16 Si yon moun sòt jouk pou li asepte bay pawòl li
pou dèt yon etranje, se pou yo pran ata rad ki sou li jouk
lòt la peye. 17 Lajan ou fè nan move kondisyon ka dous
lè ou fèk genyen l'. Men, apre sa, se tankou ti wòch anba
dan. 18 Pran konsèy, tou sa ou gen lide fè ap mache
byen. Pa kouri fè lagè san ou pa konnen sa w'ap fè. 19
Bouch alèlè pa kenbe sekrè. Pa mele ak moun ki pale
twòp. 20 Moun ki bay manman l' ak papa l' madichon p'ap
viv lontan. 21 Richès ou ranmase fasil fasil p'ap janm
vin yon benediksyon pou ou. 22 Pa janm di se ou ki pou
vanje tèt ou. Mete konfyans ou nan Seyè a, l'a delivre
ou. 23 Seyè a pa ka sipòte moun k'ap sèvi ak de pwa
de mezi. Sa pa bon pou ou sèvi ak move balans. 24 Se
Seyè a ki louvri chemen devan nou. Ki jan lèzòm ka rive
konprann lavi? 25 Pa prese fè Bondye pwomès. Ou ka
règrèt sa pita. 26 Yon wa ki gen bon konprann ap rive
dekouvri tout mechan yo. L'ap san pitye lè l'ap pini yo. 27
Se Seyè a ki ban nou konsyans nou. Se tankou yon lanp
k'ap klere pou fè nou wè tou sa n'ap fè. 28 Yon wa ap
rete wa si li se nèg serye, si li toujou kenbe pawòl li. L'ap
toujou wa si li pa nan patipri. 29 Se kouraj ki fè valè yon
jenn gason. Men, pou granmoun, se cheve blan l' yo ki fè
valè l'. 30 Move esperyans ka fè nou chanje. Malè ka fè
nou vin gen bon santiman.

21 Seyè a dirije lespri yon wa, menm jan li dirije yon
kouran dlo nan kannal. Li mennen l' kote li vle. 2
Lèzòm mete nan lide yo tou sa y'ap fè dwat. Men, pa
bliye, se Seyè a k'ap jije sa ki nan kè yo. 3 Fè sa ki dwat.
Pa nan patipri. Sa fè Seyè a plezi pi plis pase bèt ou ta
touye pou li. 4 Fè awogans, gonfle lestonmak yo sou
moun, se sa ase mechan yo ap chache fè. Tou sa se
peche. 5 Lè ou pran san ou pou ou travay, tou sa w'ap fè
ap ba ou benefis. Men, lè ou twò prese, ou p'ap janm
gen anyen. 6 Moun k'ap mache bay manti pou fè lajan
ap kouri dèyè van. Se lanmò y'ap chache. 7 Move zak
mechan yo ap fè a ap fini ak yo, paske yo derefize fè sa ki
dwat devan Bondye. 8 Moun k'ap fè sa ki mal ap mache
sou chemen plen detou. Men, inonsan yo fè sa ki dwat.
9 Pito ou rete pou kont ou nan yon kwen galata pase
pou ou rete nan kay ak yon fanm ki toujou ap chache
kont. 10 Mechan toujou anvi fè sa ki mal. Yo pa gen pitye
pou pesonn. 11 Lè yo pini yon moun ki renmen pase lòt
nan betiz, se yon leson pou moun ki pa gen lespri. Men,
moun ki gen bon konprann, lè yo pale avè l', li vin gen plis
konesans. 12 Bondye pa nan patipri, li konnen sa k'ap
pase anndan kay mechan yo. Li fè malè tonbe sou yo. 13
Si ou fèmen zòrèy ou pou ou pa tande pòv k'ap mande ou
lacharite, konsa tou pesonn p'ap tande ou lè w'a mande
sekou. 14 Lè yon moun fache sou ou, si ou ba li yon kado
an kachèt, w'a fè l' vin frèt. Wi, yon kado glise nan pòch
li ap kase fe l'. 15 Lè yo rann jistis san patipri, moun ki
mache dwat yo gen kè kontan. Men, mechan yo gen kè
kase. 16 Lè yon moun pèdi chemen l' pou l' aji tankou
moun fou, se lanmò k'ap fè li siyon. 17 Lè ou renmen
plezi, w'ap toujou pòv. Lè ou renmen bon bweson ak bon
manje, ou p'ap janm gen lajan. 18 Lè pou malè ta tonbe
sou moun ki mache dwat yo, se sou mechan yo li tonbe.
19 Pito ou viv pou kont ou nan yon dezè pase pou ou
viv nan kay ak yon fanm ki tout tan ap chache kont, ki
tout tan ap plenyen. 20 Moun ki gen konprann ap gen
gwo richès ak kantite bon manje lakay yo. Men, moun sòt
gaspiye tout lajan yo. 21 Lè yon moun pa fè lenjistis, lè li
gen bon kè, l'ap viv lontan. Tout zafè l' ap mache byen,
y'ap respekte l'. 22 Yon nonm lespri ka pran yon lavil kote
ki gen anpil grannèg. L'ap kraze fòs ki t'ap fè yo pa pè
anyen an. 23 Veye bouch ou ak lang ou, ou p'ap nan
pwoblèm. 24 Moun k'ap pase Bondye nan betiz, se moun
ki radi, se moun ki awogan. Yo pa gen konsiderasyon pou
pesonn. 25 Parese pa anvi leve ni lou ni lejè. Se sa k'ap
touye l' la tou. 26 Tout lajounen l'ap kalkile sou sa l' ta

renmen genyen. Men, moun ki mache dwat yo gen pou
bay, y'ap bay san gad dèyè. 27 Seyè a pa ka sipòte lè
mechan yo ap ofri bèt pou touye pou li. Sa pi mal toujou
lè yo ofri bèt pou touye ba li avèk lide mechanste dèyè tèt
yo. 28 Temwen k'ap bay manti gen pou l' mouri. Men, yo
p'ap koupe pawòl nan bouch moun ki peze sa l'ap di. 29
Mechan toujou pran pòz radi l'. Men, moun ki mache dwat
la konnen sa l'ap fè. 30 Devan Seyè a pa gen ni moun
konnen, ni moun lespri, ni moun ki gen bon konprann. 31
Moun pare chwal pou y' al fè lagè, men se Seyè a k'ap
deside kilès k'ap genyen batay la.

22 Pito yo nonmen non ou an byen pase pou ou gen
anpil richès. Pito moun gen anpil konsiderasyon
pou ou pase pou ou gen anpil lajan ak anpil lò. 2 Pa
gen diferans ant moun rich ak moun pòv, paske tou de
se kreyati Bondye yo ye. 3 Moun ki gen konprann, lè
li wè malè ap vin sou li, li wete kò l'. Men, moun sòt
pote lestonmak li bay, epi se li ki peye sa. 4 Soumèt ou
devan Bondye, gen krentif pou li: W'a gen richès, y'a
nonmen non ou, w'a viv lontan. 5 Moun ki mache kwochi
jwenn pikan ak pèlen sou wout yo. Si ou renmen lavi, pa
fè menm wout ak yo. 6 Bay yon timoun prensip li dwe
swiv. Jouk li mouri, li p'ap janm bliye l'. 7 Moun rich ap
donminen sou moun pòv. Lè ou prete lajan nan men yon
moun, ou tounen timoun devan pòt li. 8 Lè ou simen
lenjistis, ou rekòlte malè. Ou rete konsa sak te fè ou gen
gwo kòlèt la disparèt. 9 Bondye beni moun ki gen bon kè,
paske lè moun ki gen bon kè wè yon pòv, yo separe sa yo
genyen an avè l'. 10 Mete moun k'ap pase lòt moun nan
betiz la deyò, lamenm tout kont, tout joure ap sispann.
11 Moun ki pa gen move lide dèyè tèt yo epi ki gen bon
pawòl nan bouch yo ap gen wa a pou zanmi yo. Men,
Bondye renmen moun ki sensè. 12 Seyè a pwoteje moun
k'ap di verite. Men, li fè moun k'ap bay manti yo wont. 13
Parese rete chita lakay li, li di si li soti bèt nan bwa va
manje l' nan lari a. 14 Pawòl fanm adiltè se gwo pèlen. Lè
Seyè a move sou yon moun, moun lan ap pran nan pèlen
sa a. 15 Timoun toujou ap fè move bagay. Men, fwèt ap
fè yo pa rekonmanse ankò. 16 Lè w'ap peze yon pòv
malere se lespri l' w'ap louvri. Lè w'ap fè moun rich kado,
se pòv w'ap fè l' pòv. 17 Louvri zòrèy ou, koute pawòl
moun ki gen bon konprann yo. Chache konprann sa m'ap
moutre ou la a. 18 L'a bon pou ou toujou kenbe yo nan kè
ou, pou yo ka toujou anba lang ou. 19 Koulye a, mwen
pral moutre ou tout pawòl sa yo, ou menm tou, pou ou ka
mete konfyans ou nan Seyè a. 20 Depi lontan, mwen te
ekri bon pawòl sa yo pou ou. W'a jwenn anpil bon konsèy
ak konesans ladan yo. 21 Y'a fè ou konnen verite a jan li
ye a. Konsa, w'a pote bon repons bay moun ki te voye ou
la. Men yo: 22 Pa pran ti sa pòv la genyen an paske se
pòv li ye. Pa pwofite sou ti malere yo nan tribinal. 23 Se
Seyè a ki va plede kòz yo pou yo. L'a touye moun ki vòlò
malere sa yo. 24 Pa fè zanmi ak moun ki ankòlè fasil.
Pa mache ak moun ki gen san wo. 25 W'a pran move
mès yo. W'a rale malè sou ou. 26 Pa pwomèt pou ou
reskonsab dèt yon lòt moun fè. 27 Si ou pa ka peye, y'a
sezi ata kabann anba do ou. 28 Pa janm deplase bòn tè
kote granmoun lontan te mete yo. 29 Moutre m' yon nonm
ki gen ladrès nan sa l'ap fè. Se moun konsa k'ap rive
travay ak chèf. Li pa pral travay ak moun ki pa anyen.

23 Lè chèf envite ou manje sou menm tab ak li, pa
janm bliye ki moun li ye. 2 Si ou se yon moun ki
gen bon lapeti, kontwole bouch ou. 3 Pa pote lanvi sou
bon ti manje l'ap ofri ou yo. Se ka yon pèlen li tann pou
ou. 4 Pa touye tèt ou ap kouri dèyè lajan pou ou vin rich.
Wete lide ou sou sa. 5 Paske, anvan ou bat je ou, li gen
tan disparèt. Ou ta di lajan gen zèl. Li rete konsa, li vole, li
ale. 6 Pa chita pou ou manje sou menm tab ak moun ki
tikoulout. Pa pote lanvi sou manje l'ap ofri ou. 7 Li chich
ata ak tèt pa li, ale wè avè ou. L'ap di ou: Manje non,
monchè! Bwè non! Men se pa ak tout kè li l'ap di ou sa. 8
W'a vonmi tou sa ou te manje a. Tout bèl pawòl ou te di l'
yo p'ap sèvi ou anyen. 9 Pa chache fè yon moun san
konprann konprann anyen. Li p'ap tande anyen nan sa
w'ap di l' la. Lèfini, l'ap meprize ou met sou li. 10 Pa janm
deplase bòn tè kote yo te ye depi lontan an. Pa antre sou
jaden ki pou timoun san papa. 11 Se Bondye k'ap defann
yo, li gen anpil pouvwa. L'a plede kòz yo kont ou. 12 Mete
tèt ou an plas lè y'ap moutre ou kichòy. Louvri zòrèy ou lè
yon moun ki gen konesans ap pale. 13 Ou pa bezwen pè
bat yon timoun. Yon bèl kal, sa p'ap touye l'. 14 Okontrè,
si ou bat li, w'a sove nanm li pou l' pa mouri. **(Sheol h7585)**
15 Pitit mwen, si ou gen bon konprann, mwen p'ap manke
kontan. 16 M'a kontan anpil lè m'a tande bon pawòl k'ap
soti nan bouch ou. 17 Pa pote lanvi sou moun k'ap fè sa
ki mal. Nan tou sa w'ap fè, toujou gen krentif pou Bondye.
18 Paske gen denmen. Se pa pou gremesi w'ap tann sa
w'ap tann lan. 19 Louvri zòrèy ou, gason mwen, pou ou ka
gen bon konprann, pou ou ka mache dwat. Kalkile byen
kote w'ap mete pye ou, pou ou ka mache dwat. 20 Pa fè
zanmi avèk moun k'ap bwè twòp, ak moun k'ap fè safte.
21 Paske moun k'ap fè metye bwè ak moun ki afre ap
vin pòv. Si ou pase tout tan ou ap dòmi, talè konsa w'ap
mache yon men devan yon men dèyè. 22 Pitit mwen,
koute papa ou ki fè ou. Pa meprize manman ou lè li fin
granmoun. 23 Verite, konesans, lespri ak bon konprann,
se bagay ou mèt peye chè pou ou genyen. Men, pa janm
vann sa. 24 Papa ki gen yon pitit k'ap mache dwat ap
toujou kontan. Manman ki fè yon pitit ki gen bon konprann
ap toujou gen kè kontan. 25 Fè kè papa ou ak manman
ou kontan. Fè kè manman ki fè ou la kontan. 26 Pitit
mwen, louvri zòrèy ou pou tande sa m'ap di ou. Louvri
je ou byen pou ou wè jan m'ap viv. 27 Fanm jennès se
tankou yon twou pèlen, fanm adiltè se tankou yon pi jis jis.
28 Tankou vòlò, y'ap pare pèlen pou ou. Yo fè anpil gason
pèdi tèt yo. 29 Ki moun ki nan tèt chaje, ki nan lapenn? Ki
moun ki toujou nan kont, ki tou tan ap plenyen? Ki moun
k'ap pran kou san rezon, ki gen je yo tou wouj? 30 Se
moun k'ap bwè twòp gwòg, moun k'ap kouri dèyè tranpe.
31 Pa kite bweson pran nanm ou, ou te mèt wè jan li bèl,

jan li klè nan vè a. Lè ou bwè l', li desann dous nan gòj ou.
32 Men, pita ou santi se tankou yon move sèpan ki mòde
ou, yon sèpan aspik ki pike ou. 33 W'ap wè tout bagay ap
vire devan je ou, w'ap depale. 34 W'ap santi tankou si
ou te sou lanmè: w'ap tankou si ou te sou tèt yon ma
batiman. 35 Lè sa a w'a di: Gen lè yo bat mwen, mwen pa
santi sa. Gen lè yo te ban m' kou, mwen pa konn sa. Kilè
m'a leve la a? Mwen ta pran yon ti kou ankò.

24 Pa anvye sò mechan yo. Pa chache fè zanmi ak
yo. 2 Yon sèl bagay ki nan tèt yo, se fè mechanste.
Yon sèl pawòl ki nan bouch yo, se fè moun mal. 3 Bon
konprann ap fè kay ou kanpe. Bon konesans ap fè l'
kanpe fèm. 4 Kote ki gen konesans, pyès kay yo plen ak
bon bagay ki koute chè. 5 Pito ou gen bon konprann pase
ou gen fòs. Wi, moun ki gen konesans vo plis pase moun
ki gwonèg. 6 Paske, se pou ou ranje plan ou anvan ou
antre nan batay. Plis ou gen moun k'ap ba ou konsèy, plis
ou gen chans pou ou genyen batay la. 7 Pawòl moun
konprann twò wo pou moun san konprann. Yo pa gen
anyen pou yo di kote koze serye ap pale. 8 Lè yon moun
tout tan ap kalkile jan pou l' fè sa ki mal, y'ap rele l'
malveyan. 9 Tou sa moun san konprann gen lide fè, se fè
sa ki mal. Konsa tou, moun pa vle wè moun k'ap plede
pase moun nan betiz. 10 Si jou malè ou pa gen kouraj
pou kenbe, ou pa t' janm gen fòs vre. 11 Delivre moun
y'ap trennen pou y' al touye. Sove moun y'ap bourade pou
y' al egzekite. 12 Si ou pran pòz ou pa t' konn sa, chonje
Bondye. Li menm k'ap jije sa ki nan kè moun, l'ap wè sa.
Li menm k'ap veye tou sa w'ap fè, l'ap konn sa. L'ap fè
tout moun peye pou sa yo fè. 13 Pitit mwen, bwè siwo
myèl, sa bon pou ou. Menm jan siwo myèl k'ap koule soti
nan gato myèl dous nan bouch ou, 14 se konsa konesans
ak bon konprann bon pou nanm ou. Si ou genyen yo, w'a
fè chemen ou nan lavi. Sa w'ap tann lan, lavalas p'ap
pote l' ale. 15 Pa janm fè plan tankou mechan yo pou
chache fofile kò ou anndan kay moun k'ap mache dwat.
Pa chache devalize kote l' rete a. 16 Paske, moun k'ap
mache dwat yo te mèt tonbe sèt fwa. Pa pè, y'ap toujou
leve ankò. Men, nan mechanste yo, mechan yo ap tonbe,
yo p'ap ka leve ankò. 17 Pa prese fè kè ou kontan lè malè
rive lènmi ou. Pa kouri fè fèt lè li bite. 18 Seyè a ap wè
sa. Sa p'ap fè l' plezi. Li ka rive pa pini l' poutèt sa. 19 Pa
kite moun k'ap fè sa ki mal fè ou pèdi tèt ou. Pa anvye sò
mechan yo. 20 Paske mechan yo pa pral lwen. Lavi yo
tankou yon lanp k'ap mouri. 21 Pitit mwen, gen krentif pou
Seyè a. Respekte wa a. Ou pa gen anyen pou ou wè ak
moun k'ap kenbe tèt ak yo. 22 Moun sa yo ap rete konsa,
malè ap tonbe sou yo. Ou pa janm konnen ki kalite malè
Seyè a osinon wa a ka fè rive sou ou. 23 Men lòt pawòl
moun ki gen bon konprann yo te di ankò. Sa pa bon pou
yon jij gade sou figi moun lè l'ap rann jijman. 24 Lè yon jij
di yon moun ki fè sa ki mal: Se ou ki gen rezon, jij sa a,
tout moun gen pou madichonnen l'. Y'ap rayi l' toupatou
sou latè. 25 Men, jij ki pini moun ki antò a va gen kè
kontan. Bondye va beni l'. Tout zafè l' va mache byen. 26
Lè ou bay yon bon repons, ou aji tankou yon bon zanmi.
27 Regle tout zafè ou. Mete jaden ou anfòm. Apre sa, ou
mèt tabli. 28 Pa leve pale sou do frè parèy ou san rezon.
Pa bay manti sou li. 29 Pa janm di li fè m', m'ap fè l' tou.
M'ap fè l' peye sa li fè a. 30 Mwen pase bò jaden yon
nonm parese, bò jaden rezen yon moun ki san konprann.
31 Pikan te fin pran jaden an nèt. Move zèb t'ap pouse
toupatou. Lantouraj jaden yo te fin tonbe. 32 Lè mwen wè
sa, mwen kalkile. Mwen gade, sa ban m' yon leson. 33
Dòmi, kabicha, kouche sou do, kwaze men ou dèyè tèt
ou... Se bon! 34 W'ap rete konsa, w'ap wè ou pòv. Mizè
ap tonbe sou ou tankou yon ansasen san ou pa atann.

25 Men kèk lòt pwovèb wa Salomon. Se moun nan
palè Ezekyas, wa peyi Jida a, ki te kouche yo sou
papye. 2 Bondye konnen lè pou l' kite nou konprann, se
sa ki fè pouvwa li. Wa yo toujou ap chache konprann, se
sa ki fè moun respekte yo. 3 Menm jan ou pa konnen
wotè syèl la ak fondè tè a, se konsa tou ou pa ka konnen
sa k'ap pase nan tèt yon wa. 4 Wete tout vye kras ki nan
ajan an. Efèv la ap ba ou yon bèl travay byen fèt. 5 Wete
tout mechan bò kote wa a, gouvènman l' lan ap chita byen
chita. p'ap gen lenjistis. 6 Pa fè grandizè devan wa a. Pa
chita nan plas grannèg yo. 7 Pito yo di ou moute pi wo,
pase pou yo fè ou bay plas la, pou ou ta wont devan chèf
la. 8 Sa ou wè ak je ou, pa prese al rapòte l' lajistis. Si
apre sa, yon lòt temwen kanpe pou demanti ou, lè sa a
kisa ou va fè? 9 Lè ou gen kont ak yon moun, regle zafè
nou san nou pa mete lòt moun ladan li. Pa mete sekrè l'
deyò. 10 Paske, lè moun konnen ou pa ka kenbe sekrè,
y'a fè ou wont. Y'a ba ou move non. 11 Lè ou bay bon
pawòl ki tonbe daplon se tankou yon moso lò byen travay
yo plake sou yon moso ajan. 12 Lè yon moun ki gen
bon konprann rale zòrèy moun ki gen tande, se tankou
zanno ak kolye ki fèt ak bon lò ou mete sou ou. 13 Yon
komisyonè ki p'ap twonpe moun ki voye l' la, se tankou
yon bon vè dlo byen fre w'ap bwè nan mitan chalè rekòt.
L'ap remoute kouraj mèt li. 14 Moun ki toujou ap pwomèt
san yo pa janm kenbe pwomès yo, se tankou nwaj ak
van ki pa janm pote lapli. 15 Lè ou pa fè kòlè fasil, ou
jwenn jwen pou fè chèf la kwè sa ou vle. Konsa tou, ak
pawòl dous, w'ap kraze tout antrav ou ta ka jwenn sou
chemen ou. 16 Lè ou jwenn siwo myèl, bwè kantite ou ka
bwè. Si ou pran twòp, l'a fè kè ou plen, l'a fè ou vonmi.
17 Konsa tou, pa al rann vizit twò dri lakay zanmi ou,
pou li pa bouke avè ou, pou l' pa rayi ou. 18 Yon moun
k'ap mache bay manti sou moun, se tankou yon makak
chaplèt, yon nepe, yon flèch byen pwenti. Li ka touye ou.
19 Jou malè, si ou mete konfyans ou sou moun trèt, se
tankou si ou vle mòde ak dan pouri, osinon kouri sou pye
foule. 20 Chante mereng pou yon moun ki nan lapenn, se
tankou moun ki wete tout rad sou li nan fredi, se tankou si
ou prije sitwon sou yon malenng. 21 Si lènmi ou grangou,
ba li manje. Si li swaf dlo, ba li dlo pou l' bwè. 22 Lè sa a,
w'a fè l' wont anpil. Seyè a va rekonpanse ou. 23 Tripotaj
fè moun fè kòlè, menm jan nòde bay lapli. 24 Pito ou viv

pou kont ou nan yon kwen galata pase pou w'ap viv nan
yon kay ansanm ak yon fanm k'ap chache kont tout tan.
25 Lè ou resevwa yon bon nouvèl ki soti nan peyi Jida, se
tankou yon vè dlo fre pou yon moun ki sot moute mòn. 26
Lè yon moun ki mache dwat kite yon mechan pran tèt li,
se tankou yon sous dlo moun mache ladan l', se tankou
yon pi yo sal. 27 Twòp siwo myèl pa bon pou lasante.
Konsa tou, pa chache pou moun nonmen non ou twòp. 28
Si ou pa kapab kontwole kòlè ou, ou tankou yon lavil san
ranpa. Y'ap anvayi l' fasil. Y'ap mete men sou ou fasil.

26 Menm jan moun pa bezwen tann pou fè gwo fredi
nan sezon chalè, ni pou lapli tonbe nan sezon rekòt,
konsa tou, moun san konprann pa bezwen tann pou yo fè
lwanj li. 2 Madichon pa ka fè ou anyen si ou pa antò. Se
tankou ti zwezo k'ap vòltije sou branch bwa, ziwondèl k'ap
vole nan syèl la yo ye. 3 Fwèt pou chwal, baboukèt pou
bourik, baton pou do moun ki san konprann. 4 Pa reponn
moun sòt yo menm jan yo pale a, pou ou pa parèt sòt
menm jan ak yo. 5 Reponn moun sòt yo dapre jan yo
pale a, w'a fè yo wè se moun sòt yo ye. 6 Yon moun ki
voye yon moun sòt fè komisyon, se tankou si li te koupe
janm li. Se traka l'ap chache bay tèt li. 7 Yon moun ki
san konprann sèvi ak yon pwovèb menm jan yon moun
bwete sèvi ak move janm lan. 8 Fè lwanj yon moun ki
san konprann, se tankou si ou te mare wòch la anvan ou
tire fistibal la. 9 Yon moun san konprann k'ap bay yon
pwovèb, se tankou yon moun sou k'ap chache wete yon
pikan nan dwèt li. 10 Patwon ki pran nenpòt moun san
konprann osinon nenpòt moun k'ap pase nan lari pou
travay pou li, se yon danje pou tout moun. 11 Menm jan
yon chen tounen vin manje sa li vonmi, se konsa moun
san konprann yo ap toujou fè sa y'ap fè a. 12 Gen plis
espwa pou yon moun ki san konprann pase pou yon moun
ki mete nan tèt li li konprann. 13 Parese a di: Gen bèt nan
bwa sou wout la. Gen yon lyon nan lari a. 14 Parese a ap
vire adwat agoch nan kabann li, menm jan yon pòt ap vire
louvri fèmen sou gon li yo. 15 Parese a pran kiyè l' nan
men l'. Men, pou l' leve l' mete nan bouch li, se yon pakèt
afè. 16 Parese mete nan tèt li li gen plis konprann pase
sèt moun lespri ki konn sa y'ap di. 17 Moun k'ap foure
bouch nan koze ki pa gade l', se tankou moun k'ap rale ke
chen li jwenn sou gran chemen. 18 -(we vèsè pwochen)
19 Moun k'ap mache twonpe moun, apre sa pou li di: Aa
monchè! Se jwe mwen t'ap jwe, moun konsa tankou moun
fou k'ap voye bwa dife ak wòch pou touye moun. 20 Kote
ki pa gen bwa, pa gen dife. Kote ki pa gen tripòt, pa gen
kont. 21 Chabon kenbe recho a limen. Bwa pa kite dife a
mouri. Konsa tou, moun ki renmen chache kont toujou ap
pouse dife. 22 Tripotay dous nan zòrèy moun ki vle tande
yo. Sa mache nan san yo. 23 Yon moun ki gen bèl pawòl
nan bouch li men ki gen move kè, se tankou bèl penti
sou bwa pouri. 24 Ipokrit ki rayi moun toujou ap bay bèl
pawòl. Men, nan kè l', se twonpe l'ap twonpe moun. 25 Lè
l'ap pale konsa, ou pa bezwen kwè l', paske nan fon kè l',
se mechanste ase ki genyen. 26 Li te mèt kache sa, tout
moun gen pou wè mechanste l'ap fè yo. 27 Moun k'ap
tann pèlen pou lòt se yo menm k'ap pran ladan li. Moun ki
konmanse woule wòch la, se li menm ankò wòch la ap
kraze. 28 Fòk ou rayi yon moun vre pou fè manti sou li.
Lè w'ap flate moun, se tèt ou w'ap fè tò.

27 Pa fè grandizè pou sa ou pral fè denmen. Ou wè
jòdi, ou pa konn denmen. 2 Kite lòt moun pale byen
pou ou. Pa fè sa ou menm. Kite etranje fè lwanj pou ou.
Pa janm fè lwanj tèt pa ou. 3 Wòch lou, sab lou. Men, yo
pa ka pi lou pase yon moun san konprann lè l' fache. 4 Lè
yon moun ankòlè, li kraze brize. Men, ki moun ki ka kenbe
tèt ak yon moun k'ap fè jalouzi? 5 Pito ou rale zòrèy yon
moun kareman pase pou ou kite l' konprann sa li fè a pa
anyen. 6 Lè yon zanmi ap rale zòrèy ou, se byen ou li vle
wè. Men, lè yon lènmi ap pase men l' nan kou ou, se
twonpe l'ap twonpe ou. 7 Lè vant moun plen, yo refize ata
siwo myèl. Lè moun grangou vre, menm bagay anmè gou
nan bouch. 8 Yon moun ki lwen lakay li, se tankou yon
zwezo ki byen lwen nich li. 9 Losyon ak lwil santi bon bay
kè kontan. Konsèy yon bon zanmi remoute kouraj. 10 Pa
janm bliye zanmi ou, ni zanmi papa ou. Lè zafè ou pa
bon, pa al lakay frè ou. Yon bon vwazen pi bon pase yon
frè ki lwen. 11 Pitit mwen, aprann gen bon konprann. Fè
kè m' kontan. Konsa, m'a ka reponn moun k'ap kritike m'
yo. 12 Moun ki gen konprann, lè li wè malè ap vin sou li, li
wete kò l'. Moun sòt pote lestonmak li bay, epi se li ki
peye sa. 13 Si yon moun sòt jouk pou li asepte bay pawòl
li pou dèt yon etranje, se pou yo sezi ata rad ki sou li
jouk lòt la peye. 14 Si ou di yon zanmi ou bonjou twò fò
granmaten, se tankou si ou te ba li madichon. 15 Yon
fanm ki toujou ap chache kont, se tankou yon goutyè k'ap
degoute lè lapli ap tonbe tout lajounen. 16 Si ou rive fè l'
pe bouch li, w'a kenbe van ak men ou, w'a kenbe lwil ak
dwèt ou tou! 17 Menm jan fè file fè, konsa tou pou moun,
yonn aprann nan men lòt. 18 Moun ki pran swen yon pye
rezen, se li ki va jwenn rezen pou li manje. Moun ki fè
travay mèt li byen, y'a gen respè pou li. 19 Lè ou gade
nan glas, se pwòp figi ou ou wè ladan l'. Konsa tou, lè ou
gade nan kè yon moun, ou wè ki moun li ye. 20 Menm
jan toujou gen plas pou mò kote mò yo ye a, konsa tou,
toujou gen plas pou lanvi nan kè moun. **(Sheol h7585)** 21
Yo pase lò ak ajan nan dife pou wè si yo bon. Konsa tou,
dapre jan yo nonmen non yon moun, yo ka di ki moun li
ye. 22 Ou te mèt woule yon moun sòt anba baton tankou
yo bat pwa, se pa sa k'ap fè l' kite sòt. 23 Chache konnen
jan tout bèt ou yo ye. Pran swen yo. 24 Richès pa la pou
tout tan. Ou ka pa rive pase tout byen ou bay pitit pitit ou.
25 Lè ou koupe zèb, li pouse ankò. Konsa, toujou gen zèb
sou mòn yo. 26 Mouton ou yo ap ba ou lenn pou fè rad
met sou ou. Bouk kabrit yo ap rapòte ou lajan pou achte
tè pou fè jaden. 27 W'a jwenn kont lèt kabrit pou ou bwè
ak fanmi ou ansanm ak moun k'ap sèvi lakay ou.

28 Mechan yo pa bezwen moun dèyè yo pou yo kouri.
Men, moun ki mache dwat yo brav tankou lyon. **2**
Lè nan yon peyi moun ap fè sa ki mal, chak jou gen yon
lòt chèf. Men avèk yon moun ki gen konprann, ki konnen
sa l'ap fè, gouvènman an ap kanpe pou lontan. **3** Yon pòv
k'ap peze pi pòv pase l', se tankou yon gwo lapli ki gate
tout jaden nèt. **4** Moun ki pa respekte lalwa bay mechan
yo pye sou moun. Men, moun ki fè sa lalwa mande, se
moun ki pran pozisyon kont mechan yo. **5** Mechan yo
pa konnen sa ki rele jistis. Men, moun k'ap sèvi Seyè a
konprann tout bagay. **6** Pito ou pòv men ou serye, pase
pou ou rich men ou vòlè. **7** Yon jenn gason ki fè tou sa
lalwa mande, se pitit ki gen lespri. Men, moun ki fè zanmi
ak vakabon se yon wont pou papa l'. **8** Moun ki vin rich
nan prete moun lajan, nan bay kout ponya, se anpile y'ap
anpile lajan pou moun ki konn pran ka malere. **9** Lè ou
refize fè sa lalwa mande ou fè a, ata lapriyè w'ap fè a p'ap
fè Bondye plezi. **10** Lè yon moun chache pran tèt yon
nonm serye pou fè l' fè sa ki mal, se li menm k'ap pran nan
pèlen an. Men moun serye a va jwenn bon rekonpans.
11 Yon nonm rich mete nan tèt li li gen bon konprann.
Men, yon pòv ki gen lespri ap dekouvri l'. **12** Lè se moun
k'ap fè sa ki dwat ki rive chèf, se fèt pou tout moun. Men,
lè se mechan an ki rive chèf, tout moun al kache. **13**
Moun k'ap kache peche p'ap janm wè zafè yo mache.
Men, Bondye va gen pitye pou moun ki rekonèt peche
yo, pou moun ki chanje lavi yo. **14** Ala bon sa bon pou
moun ki toujou gen krentif pou Bondye! Men, moun k'ap
fè tèt di ak Bondye ap wè malè tonbe sou yo. **15** Yon chèf
malveyan se tankou lyon ki move, tankou lous ki grangou.
Pòv malere san sekou devan yo. **16** Lè yon chèf pa gen
konprann, l'ap peze moun, l'ap fè mechanste. Men, moun
ki pa vle wè moun k'ap vòlò ap gouvènen lontan. **17** Lè
yon moun touye yon lòt, konsyans li boulvèse l', l'ap kouri
chache lanmò. Piga pesonn chache kenbe l'. **18** Malè p'ap
rive moun k'ap mennen yon lavi san repwòch. Men, moun
ki pa serye, k'ap mache pye gaye, y'ap rete konsa, y'ap
tonbe. **19** Yon moun ki travay di nan jaden l' ap jwenn
kont manje pou l' manje. Men, moun k'ap fè bagay ki p'ap
sèvi anyen ap toujou pòv. **20** Yon nonm ki serye nan sa
l'ap fè ap jwenn anpil benediksyon. Men, yo p'ap manke
pini moun k'ap prese pou l' rich. **21** Sa pa bon pou gade
moun sou figi. Men, pou nenpòt ti kraze kòb, yon jij ka fè
betiz. **22** Moun ki anvi tout toujou ap prese pou yo rich.
Yo pa wè grangou k'ap tann yo pi devan. **23** Lè ou rale
zòrèy yon moun, pita l'ap gen plis konsiderasyon pou ou
pase pou moun k'ap achte figi l'. **24** Moun k'ap vòlò papa
l' ak manman l', epi k'ap di nan kè l': Se pa anyen sa,
li menmman parèyman ak moun k'ap mache brize. **25**
Moun ki anvi tout pou yo ap toujou nan kont. Men, moun
ki mete konfyans yo nan Seyè a p'ap janm manke anyen.
26 Moun ki gen konfyans nan pwòp tèt yo, se moun fou yo
ye. Men, moun ki fè sa li konnen li dwe fè a ap sove. **27**
Moun ki bay pòv p'ap janm manke anyen. Men, moun
ki fè tankou li pa wè pòv yo chaje ak madichon. **28** Lè
se mechan ki rive chèf, tout moun al kache. Men, tonbe
mechan yo tonbe, moun k'ap mache dwat yo kanpe ankò.

29 Moun k'ap fè tèt di lè y'ap rale zòrèy yo, se moun
k'ap rete konsa y'ap tonbe san yo pa ka leve ankò.
2 Lè se moun serye ki chèf, pèp la kontan. Men, lè se yon
mechan k'ap gouvènen, pèp la nan lapenn. **3** W'ap fè kè
papa ou kontan si ou toujou ap chache bon konprann.
Moun k'ap frekante jennès, se lajan l' l'ap gaspiye. **4** Lè
yon wa pa nan patipri, peyi a kanpe byen fèm. Men, depi
yon chèf nan resevwa lajan sou kote, se fini l'ap fini ak
peyi a. **5** Moun k'ap flate moun, se yon pèlen y'ap pare
sou wout yo. **6** Moun mechan pran nan mechanste y'ap
fè. Men, moun ki mache dwat yo gen kè kontan, y'ap fè
fèt. **7** Moun ki mache dwat konnen pou l' respekte dwa
pòv malere. Men, mechan an pa konnen bagay konsa. **8**
Moun ki pa gen respè pou lòt ap mache simen kont nan
tout peyi a. Men moun ki gen konprann konnen pou l'
kontwole tèt li lè li fache. **9** Lè moun ki gen konprann al
nan leta ak moun fou, fache pa fache anyen p'ap regle. **10**
Depi yon moun serye, ansasen pa vle wè li. Men, moun ki
mache dwat yo ap pwoteje l'. **11** Lè moun fou ankòlè, li di
sa ki vin nan bouch li. Men, moun ki gen bon konprann
kontwole bouch li. **12** Lè yon chèf renmen tripotay, se
mechan ase k'ap sèvi avè l'. **13** Gen yon bagay ni pòv
la ni moun k'ap peze l' la gen ansanm: se Bondye ki
bay ni yonn ni lòt je pou yo wè. **14** Lè yon wa pran kòz
malere yo pou l' defann dwa yo san patipri, wa sa a la pou
l' gouvènen lontan. **15** Baton ki korije timoun ap ba yo
konprann. Men, timoun yo kite fè sa yo pito gen pou fè
manman yo wont. **16** Lè mechan an rive chèf nan yon
peyi, gen plis mechanste k'ap fèt. Men, moun k'ap mache
dwat yo va wè jan mechan yo ap tonbe. **17** Korije pitit
gason ou lan, li p'ap ba ou tèt chaje. L'a fè kè ou kontan.
18 Lè pa gen moun ki pou fè pèp la konnen sa pou l' fè,
pèp la an debandad nèt. Men, ala bon sa bon pou moun
k'ap fè sa lalwa mande! **19** Pale anpil p'ap korije esklav.
Menm lè li konprann, se pa sa k'ap fè l' obeyi. **20** Gen
plis espwa pou yon moun ki san konprann pase pou yon
moun k'ap prese pale san kalkile. **21** Lè ou mou ak yon
esklav depi li tou piti, rive yon lè l'ap konprann se pitit ou li
ye. **22** Moun ki ankòlè fasil toujou ap fè bagay yo pa dwe
fè. Moun ki gen san wo toujou nan goumen. **23** Awogans
fè moun pèdi pye. Men, y'ap respekte moun ki soumèt
devan Bondye. **24** Moun ki konplis yon vòlò, se moun ki
rayi tèt li. Si li denonse vòlò a, y'ap pini l'. Si li pa denonse
l', madichon Bondye ap tonbe sou li. **25** Si ou pè sa moun
ap di, ou antrave. Men, si ou mete konfyans ou nan Seyè
a, ou pa bezwen pè anyen. **26** Anpil moun ap kouri dèyè
favè chèf. Men, se Bondye k'ap jije tout moun san patipri.
27 Moun ki mache dwat pa vle wè mechan. Mechan pa
vle wè moun k'ap mache dwat.

30 Men pawòl Agou, pitit Jake, moun peyi Masa. Men
deklarasyon nonm lan te fè: Mwen bouke, Bondye!
Mwen bouke, Bondye! Mwen pa kapab ankò! **2** Mwen

sòt pase panyen pèsi. Se pa moun mwen ye. Mwen pa
gen lespri tankou tout moun. 3 Mwen pa janm konnen sa
ki rele konesans. Mwen pa konprann anyen nan bagay
Bondye. 4 Ki moun ki janm moute nan syèl, apre sa ki
redesann sou latè? Ki moun ki janm ranmase van yo nan
men l'? Ki moun ki janm mare dlo yo nan rad li? Ki moun
ki fikse limit tè a? Ki jan li rele? Ki jan pitit li rele? Di m'
non, si ou konnen? 5 Bondye toujou kenbe pawòl li. Li
pwoteje tout moun ki mete konfyans yo nan li. 6 Pa fè l' di
sa li pa di. Si ou fè sa, l'a fè ou repwòch, l'a fè tout moun
wè se mantò ou ye. 7 Bondye, se de bagay ase mwen
mande ou: Tanpri, pa refize m' yo anvan mwen mouri. 8
Men yo: Pa kite m' bay manti pou m' twonpe moun. Pa
fè m' ni rich ni pòv. Ban m' kantite manje mwen bezwen
pou m' viv la. 9 Si mwen gen twòp, m'a vire do ba ou,
m'a di mwen pa konnen ki moun ou ye. Si mwen pa gen
ase, m'a vòlò, m'a fè yo pase ou nan betiz. 10 Pa janm
pale yon domestik mal devan mèt li. L'a madichonnen ou,
l'a fè ou peye bouch ou. 11 Gen yon kalite moun k'ap
bay papa yo madichon, ki pa gen konsiderasyon pou
manman yo. 12 Gen yon lòt kalite moun ki konprann yo
nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Men, pi mal pase yo
nanpwen. 13 Gen yon lòt kalite moun ankò ki mete nan
tèt yo yo pa kanmarad pesonn, wa pa kouzen yo. 14 Gen
yon lòt kalite moun, se bèt nan bwa yo ye. Pou yo viv,
y'ap devore malere yo, y'ap pwofite sou pòv yo. 15 Sansi
gen de pitit fi: tou de gen menm non, yo rele: Ban mwen!
Ban mwen! Gen twa bagay ki pa janm di ase. Sa m'ap di
la a! Gen kat bagay ki pa janm di se kont. 16 Men yo:
Se peyi kote mò yo ye a, se fanm ki pa ka fè pitit, se tè
a ki pa janm bwè kont dlo li, epi se dife. Bagay sa yo
pa janm di ase. (Sheol h7585) 17 Yon pitit ki pase papa l'
nan betiz, ki pa respekte lòd manman l', chen gen pou
devore kadav li nan raje, zwezo nan bwa va manje grenn
je li. 18 Gen twa bagay mwen pa janm ka konprann. Sa
m'ap di la a! Gen kat bagay konsa. 19 Men yo: Se jan
malfini plane nan syèl la, se jan koulèv mache sou wòch,
se jan bato kouri sou lanmè, se jan gason ak fanm rive fè
lamou. 20 Men ki jan fanm k'ap twonpe mari yo fè: Lè yo
fin fè sa y'ap fè a, yo benyen byen pwòp, epi yo di: Mwen
pa fè anyen ki mal. 21 Gen twa bagay ki fè latè tranble.
Sa m'ap di la a! Gen kat bagay moun pa ka sipòte. 22
Men yo: Se yon esklav ki rive chèf, se yon moun sòt ki
gen tou sa li bezwen, 23 se yon fanm ki pa t' janm jwenn
moun renmen l' epi ki resi mare yon nòs, se yon sèvant ki
pran plas metrès li. 24 Gen kat ti bèt sou latè, gen lespri
pase yo nanpwen: 25 Se foumi: yo tou fèb, men yo pase
tout sezon chalè ap fè pwovizyon mete la. 26 Se chat
mawon: yo pa pi fò pase sa. Men, yo fè kay yo nan twou
wòch. 27 Se krikèt vèt: yo pa gen chèf, men yo mache pa
bann. 28 Se zandolit: ou ka pran yo nan men ou. Men, ou
jwenn yo nan palè wa yo. 29 Gen twa bagay ki bèl lè
y'ap mache. Sa m'ap di la a! Gen kat bagay ki gen bèl
demach: 30 Se lyon, se li ki pi fò nan tout zannimo, li pa
pè yo yonn. 31 Se bouk kabrit. Se chwal sele bride. Se
wa lè y'ap mache devan lame yo. 32 Si ou te sòt jouk pou
ou te rive fè grandizè, kalkile sou sa ou fè a: Pe bouch ou!
33 Si ou bat lèt, l'ap fè bè. Si ou frape yon moun sou men
l', l'ap senyen. Si ou nan pouse dife, ou nan gwo kont.

31 Men Pawòl wa Lemwèl, men konsèy manman l'
te ba li: 2 Kisa pou m' di ou, pitit mwen, pitit ki soti
nan zantray mwen? Se mwen ki te mande Bondye pou l'
ban mwen ou. Kisa pou m' di ou? 3 Pa gaspiye kouray ou
nan fanm. Veye zo ou ak fanm k'ap fè malè chèf yo. 4
Lemwèl monchè, yon wa pa fèt pou nan bwè bweson.
Chèf pa fèt pou nan bwè gwòg. 5 Lè yo bwè konsa, yo
bliye lòd yo te bay. Yo p'ap pran ka malere yo. 6 Se moun
ki dekouraje ak lavi ki tonbe nan gwòg. Se moun ki gen
gwo lapenn nan kè yo ki lage kò yo nan bweson. 7 Yo
bwè pou yo bliye mizè yo, pou yo pa chonje lapenn yo. 8
Louvri bouch ou pale pou moun ki pa ka pale pou tèt yo.
Defann kòz moun ki san sekou yo. 9 Pale pou yo. Pa fè
patipri. Defann kòz malere yo ak endijan yo. 10 Sa pa fasil
pou moun jwenn yon bon madanm. Lè li jwenn li, li gen
plis valè pase yon boul lò. 11 Mari l' mete tout konfyans li
nan li. Tout bagay ap mache byen lakay li. 12 Madanm
lan p'ap janm aji mal ak mari l', l'ap pase tout lavi l' ap fè l'
byen. 13 Li chache lenn mouton ak fil swa, li travay yo fè
twal ak men l'. 14 Tankou bato k'ap pote machandiz, li
al byen lwen chache manje mete nan kay la. 15 Solèy
poko leve, li gen tan sou pye l', l'ap pare manje pou moun
nan kay la. L'ap di sèvant yo sa pou yo fè. 16 Li fè lide
sou yon tè, li achte l' ak lajan li fè ak men l'. Li fè jaden
rezen sou li. 17 Li mare ren l', li twouse manch rad li pou l'
travay. 18 Li santi zafè l' ap mache byen, li rete byen ta
lannwit ap travay. 19 Li file koton, li koud rad li. 20 Li lonje
men l' bay pòv. Li pran ka malere. 21 Li pa pè fredi pou
moun lakay li, paske tout moun gen rad cho pou mete sou
yo. 22 Li fè kouvèti lenn pou kabann yo. Tout rad li yo fèt
ak twal wouj tise byen sere. 23 Mari l', se yonn nan chèf
fanmi lavil la. Tout moun lavil la ap nonmen non l' an byen.
24 Madanm li fe rad pou l' vann, li fè bèl senti, li vann yo
ak machann. 25 Li gen anpil kouraj, tout moun respekte l',
li pa pè denmen. 26 Lè li louvri bouch li, se bon konsèy li
bay. Li toujou gen bon pawòl nan bouch li. 27 Li konnen
vire tounen tout moun nan kay la. Li toujou gen yon bagay
l'ap fè. 28 Tout pitit li yo ap fè l' konpliman. Mari l' menm
ap fè lwanj li. 29 L'ap di: Mwen konnen anpil madanm.
Men ou menm, nanpwen tankou ou! 30 Bèl fanm pa di
bon madanm pou sa. Bèl figi pa la pou lontan. Men, y'a fè
lwanj yon fanm ki gen krentif pou Seyè a. 31 Ba li sa ki
pou li a. Lè y'a wè sa l' fè, se pou tout moun fè lwanj li.

Eklezyas

1 Men pawòl pitit David la, filozòf la, ki te wa nan lavil
Jerizalèm. **2** Nan lavi a anyen pa vo anyen. Se sa
filozòf la di. Non, anyen pa vo anyen nan lavi a. Tout
bagay gen pou pase. **3** Yon moun te mèt pase tout lavi l'
ap travay di, ap bay kò l' traka sou latè beni, kisa sa rapòte
l'? **4** Moun fèt, moun mouri. Men sa pa deranje anyen sou
latè. **5** Solèy leve, solèy kouche. L'ap kouri tounen kote
pou l' leve a ankò. **6** Van an soufle soti nan nò desann
nan sid. Apre sa, li vire soti nan sid moute nan nò. Konsa,
l'ap vire tounen nan menm chemen an san rete. **7** Tout
dlo larivyè desann nan lanmè, men lanmè pa janm plen.
Dlo a tounen kote larivyè a te soti a. Konsa, larivyè a pa
janm sispann koule. **8** Tout bagay ap vire won san rete.
Pa gen pawòl ki ka di jan sa ye. Je pa janm bouke wè.
Zòrèy pa janm bouke tande. **9** Sa ki te rive anvan, se sa
ki va rive apre. Sa yo te fè anvan an, se sa y'ap toujou fè.
Pa gen anyen ki chanje sou latè beni. **10** Menm lè nou di:
Gade! Men yon bagay ki nèf, bagay la te la deja depi nan
tan lontan anvan nou te fèt. **11** Pesonn pa chonje sa ki te
pase nan tan lontan. Konsa tou, pita, pesonn p'ap chonje
sa k'ap pase koulye a. **12** Mwen menm, nèg fò, mwen te
wa peyi Izrayèl nan lavil Jerizalèm. **13** Mwen te soti pou
m' te fouye, pou m' te egzaminen tou sa k'ap fèt sou latè
nan tout ti detay yo. Travay Bondye bay moun fè sou latè
a pa manke rèd. **14** Mwen wè tou sa k'ap fèt sou latè.
Anyen pa vo anyen! Anyen pa rapòte anyen. **15** Ou pa ka
drese sa ki fin kwochi. Ou pa ka konte sa ou pa genyen.
16 Mwen di nan kè mwen: Mwen vin grannèg. Mwen vin pi
fò pase tout wa ki t'ap gouvènen lavil Jerizalèm anvan m'
yo. Mwen konnen sa ki rele gen konprann ak konesans.
17 Mwen te soti pou m' te konnen diferans ki genyen ant
moun ki gen konprann ak moun egare, ant moun ki gen
konesans ak moun sòt. Men, la ankò, mwen wè anyen pa
rapòte anyen. **18** Paske plis ou gen konprann, se plis ou
nan tèt chaje. Plis ou konnen, se plis ou soufri.

2 Mwen di nan kè mwen: Bon! Ann al pran plezi nou!
Ann al mennen lavi dous! Men, mwen jwenn sa a tou,
sa pa vo anyen! **2** Ala bagay sòt se lè yon moun ap plede
ri! Pran plezi, sa pa rapòte anyen! **3** Tèlman mwen t'ap
chache gen konprann, mwen pran desizyon lage kò m'
nan bwè bweson, nan viv tankou moun fou. Mwen di nan
kè m': Ou pa janm konnen, se ka sa ki pi bon pou yon
moun fè pandan de twa jou l'ap pase sou tè a. **4** Mwen fè
gwo zafè: Mwen bati yon bann kay, mwen plante anpil
jaden rezen. **5** Mwen fè jaden ak bèl lakou, mwen plante
tout kalite pyebwa ki ka donnen ladan yo. **6** Mwen fouye
basen pou m' pran dlo, konsa m'a ka wouze tout pyebwa
yo. **7** Mwen achte fi kou gason pou sèvi m' esklav, san
konte moun ki fèt esklav lakay mwen. Mwen te gen bèt ak
zannimo pase tout moun ki janm viv nan lavil Jerizalèm. **8**
Mwen ranmase anpil bagay fèt an ajan ak an lò ansanm
ak richès lòt chèf k'ap dirije nan pwovens yo. Mwen te gen
moun pou chante pou mwen, fi kou gason. Mete sou sa,
bagay gason pi renmen, mwen te gen fanm mezi mwen te
bezwen. **9** Wi, pou grannèg mwen te grannèg, pi grannèg
pase tout lòt moun ki janm viv nan lavil Jerizalèm. Men,
mwen pa janm kite sa vire tèt mwen. **10** Mwen te gen tou
sa mwen te vle. Mwen pa janm refize tèt mwen ankenn
plezi. Mwen te kontan wè tou sa mwen te travay fè. Se kè
kontan sa a ki tout rekonpans mwen. **11** Apre sa, mwen
kalkile sou tou sa m' te fè ak men m', sou tout traka mwen
te bay kò m' pou m' te fè yo. Enben! Mwen jwenn sa
pa t' vo anyen. Anyen pa rapòte anyen. Konsa, pa gen
ankenn pwofi pou tou sa ou fè sou latè beni. **12** Lè ou
gade byen, kisa yon wa ka fè pase sa wa ki te anvan l'
yo te fè? Apre sa, mwen pran kalkile sa sa vle di lè yon
moun gen konprann, osinon lè yon moun sòt, ou ankò lè
yon moun fou. **13** Mwen wè menm jan pito ou nan limyè
pase ou nan fènwa, pito ou gen konprann pase ou pa
genyen. **14** Moun ki gen konprann yo, se pa je pete klere
yo ye. Moun ki pa gen konprann yo ap mache nan fènwa.
Men, mwen konnen tou de ap fini menm jan. **15** Mwen
di nan kè mwen: Sa ki rive moun fou yo ap rive m' tou.
Nan kondisyon sa a, sa m' te bezwen gen tout konprann
sa yo? Kisa sa ap pwofite m'? Mwen di nan kè m': Sa a
tou, sa pa vo anyen! **16** Pesonn p'ap janm chonje moun
ki gen konprann yo ni tou yo p'ap chonje moun sòt yo.
Pi devan, n'ap bliye yo tout. Nou tout gen pou mouri, kit
nou gen bon konprann kit nou sòt. **17** Se konsa lavi pa
di m' anyen ankò. Tou sa mwen fè sou latè se traka li
ban mwen. Paske anyen pa vo anyen, anyen pa rapòte
anyen. **18** Tout travay mwen te fè sou latè pa di m' anyen
ankò, paske mwen konnen mwen gen pou m' kite yo pou
sa k'ap vin dèyè. **19** Se ka yon moun lespri, se ka yon
moun sòt. Pesonn pa konnen. Men, se pou li m'ap kite
tou sa mwen te travay di fè ak lespri mwen. Sa a ankò,
sa pa vo anyen. **20** Se konsa mwen vin konprann tout
travay di mwen te fè sou latè p'ap rapòte m' anyen. Sa vin
dekouraje m'. **21** Wi, yon nonm fè travay li avèk lespri,
avèk konesans, avèk ladrès. Apre sa, se pou l' pati kite l'
pou yon lòt ki pa leve ni lou ni lejè nan travay la. Sa a tou,
sa pa vo anyen. Sa pa bon menm. **22** Ou travay di, ou
pran kont tèt chaje ou, ou pa dòmi pou ou ka fè sa w'ap
fè a. Apre sa, kisa sa rapòte ou? **23** Ou pase tout lavi
ou nan lapenn, nan chagren. Menm lannwit lespri ou ap
travay. Sa a tou, sa pa sèvi ou anyen. **24** Pi bon bagay
yon moun ka fè, se manje, se bwè, se jwi sa travay ou
rapòte ou. Men la tou, mwen wè sa se travay Bondye. **25**
Paske, san Bondye, ki moun ki ka manje? Ki moun ki ka
bwè. **26** Bondye bay moun ki fè l' plezi bon konprann,
konesans ak kè kontan. Konsa tou, li fè mechan yo travay
fè lajan sere pou l' ka bay moun ki fè l' plezi. La tou, sa pa
vo anyen. Sa pa rapòte anyen.

3 Gen yon lè pou chak bagay. Bondye fikse yon tan pou
chak bagay k'ap fèt sou latè. **2** Li fikse lè pou ou fèt, lè
pou ou mouri, lè pou ou plante, lè pou ou rekòlte, **3** lè
pou ou touye, lè pou ou geri, lè pou ou kraze, lè pou ou

bati. 4 Li fikse lè pou ou kriye, lè pou ou ri, lè pou ou nan
lapenn, lè pou ou fè fèt, 5 lè pou ou kouche ak madanm
ou, lè pou ou pa kouche ak li, lè pou nou fè karès, lè pou
nou pa fè karès. 6 Li fikse lè pou ou chache, lè pou ou
pèdi, lè pou ou fè ekonomi, lè pou ou gaspiye lajan, 7
lè pou ou dechire, lè pou ou koud, lè pou ou rete san
pale, lè pou ou pale. 8 Li fikse lè pou ou renmen, lè pou
ou rayi, lè pou nou fè lagè, lè pou nou fè lapè. 9 Kisa
yon nonm jwenn nan travay li? 10 Mwen rive konnen ki
kalite travay Bondye bay moun pou yo fè. 11 Li fikse yon
lè pou chak bagay byen fèt. Li mete nan kè moun lanvi
pou yo konnen sa ki gen pou rive denmen. Men, li pa
janm kite yo fin konprann nèt travay l'ap fè a. 12 Mwen
wè pi bon bagay yon moun ka fè nan lavi, se fè kè ou
kontan epi se fè sa ou vin pou fè a byen. 13 Tout moun
fèt pou yo manje, pou yo bwè, pou yo jwi sa travay yo
rapòte yo. Sa se kado Bondye ba yo. 14 Mwen konnen
tou sa Bondye fè la pou toutan. Ou pa ka mete anyen
sou li, ou pa ka wete anyen ladan l'. Bondye fè sa konsa
pou lèzòm ka gen krentif pou li. 15 Sa ki rive koulye a te
rive deja! Sa ki gen pou rive te rive deja tou! Bondye fè
bagay ki te rive deja rive ankò! 16 Apre sa, mwen wè
sou latè se mechanste ou jwenn kote pou ou ta jwenn
jistis. Malveyans chita nan tribinal yo. 17 Mwen di nan kè
mwen: Bondye ap jije ni bon yo ni mechan yo, paske chak
bagay gen lè pa yo. Gen yon tan pou tou sa w'ap fè. 18
Mwen di nan kè mwen ankò: Bondye ap gade kote moun
ye. L'ap fè yo wè yo pa pi bon pase zannimo. 19 Lè ou
gade byen, sò moun ak sò zannimo, se menm bagay la.
Ni yonn ni lòt gen pou mouri. Se menm souf la k'ap bat
nan tou de. Moun pa gen ankenn avantaj sou zannimo,
paske lavi pa vo anyen ni pou yonn ni pou lòt. 20 Tou de
pral menm kote Tou de soti nan pousyè tè a. Tou de ap
tounen pousyè tè a ankò. 21 Ki moun ki konnen si nanm
moun moute anwo nan syèl epi nanm zannimo desann
anba tè vre? 22 Konsa, mwen wè pa gen pi bon bagay
yon moun ka fè sou latè pase jwi sa travay li rapòte l'. Se
sèlman sa li ka fè. Epitou, ki moun k'ap fè l' tounen pou l'
ka konnen sa k'ap rive apre li fin mouri?

4 Apre sa, mwen gade tout lenjistis k'ap fèt sou latè. Dlo
ap koule konsa nan je moun y'ap maltrete yo. Pa gen
pesonn pou ede yo. Moun k'ap maltrete yo gen lafòs avèk
yo. Pesonn pa ka fè anyen pou yo. 2 Mwen wè sò moun
mouri yo miyò pase sò moun vivan yo. 3 Men, gen yon lòt
moun ankò ki pi bon pase yo tou de: Se moun ki pa t'
janm fèt la, paske li pa janm wè move zak k'ap fèt sou tè
a. 4 Mwen vin wè tout travay di lèzòm ap travay di a, tout
bèl bagay y'ap reyalize nan lavi a, se paske yonn vle gen
plis pase lòt. Men, sa tou, sa pa vo anyen, sa pa rapòte
anyen. 5 Pawòl la di: Moun sòt rete san fè anyen, yo pito
grangou. 6 Men, pito ou pran ti repo ou tanzantan ak kè
poze pase pou ou touye tèt ou ap travay di, lèfini pou sa
pa rapòte anyen. 7 Mwen wè yon lòt bagay nan lavi a ki
pa vo anyen ankò. 8 Se te yon nonm ki t'ap viv pou kont
li, san zanmi. Li pa t' gen pitit gason, li pa t' gen frè. Li
travay san pran souf. Li pa t' janm gen ase. Pou ki moun
li t'ap travay di konsa, san bay tèt li yon ti plezi? Li pa
t' janm gen tan pou mande tèt li sa. Sa a tou, sa pa vo
anyen, se pa yon bon jan pou moun viv. 9 Lè ou gen yon
lòt moun avèk ou, li pi bon pase lè ou pou kont ou, paske
ansanm nou bay pi bon rannman nan travay nou. 10 Si
yonn tonbe, lòt la va ba l' men pou l' leve. Men, malè pou
moun k'ap viv pou kont li! Si l' tonbe, p'ap gen moun pou
ba l' men. 11 Konsa tou, lè fè frèt, si yo kouche ansanm,
yonn va chofe lòt. Men, si li pou kont li, ki jan pou l' fè
chofe kò l'? 12 Kote dezòm ka kenbe tèt ak yon moun
k'ap atake yo, yon sèl p'ap kapab. Yon kòd trese an twa
pa fasil pou kase. 13 -(we vèsè pwochen) 14 Yon nonm
ka soti nan mizè pou l' rive chèf nan peyi l'. Ou ankò li ka
soti nan prizon epi yo mete l' chèf pou gouvènen. Pito ou
annafè ak yon ti moun ki pòv men ki gen lespri pase pou
ou annafè ak yon wa ki fin granmoun, ki fin gaga, ki pa ka
pran konsèy. 15 Mwen kalkile, mwen gade tout moun k'ap
viv sou latè, mwen di nan mitan tout moun sa yo gen jenn
gason ki pral pran plas wa a. 16 Ou pa ka konte kantite
moun yon wa ka gouvènen, kantite moun yon wa ka dirije.
Men lè l' mouri, pesonn p'ap chonje di l' mèsi pou sa li te
fè pou yo. Tou sa pa vo anyen. Sa pa rapòte anyen.

5 Gade byen ki jan w'ap mete pye ou lakay Bondye a.
Pito ou ale la pou ou ka aprann kichòy pase pou ou al
ofri bèt pou touye pou Bondye tankou moun san konprann
sa yo ki pa konn sa ki byen ak sa ki mal. 2 Fè tèt ou
travay anvan ou louvri bouch ou pale. Pa prese fè ankenn
pwomès bay Bondye. Bondye, se nan syèl li ye, ou menm
ou sou latè. Pa di plis pase sa ou dwe di a. 3 Plis ou kite
bagay chaje tèt ou, se plis ou ka fè move rèv. Plis ou pale
anpil, se plis ou ka di pawòl ki pa fè sans menm. 4 Lè ou
fè yon pwomès bay Bondye, pa mize fè sa ou pwomèt fè
a. Bondye pa nan jwèt ak moun ki san konprann. Sa ou
pwomèt fè a, fè l'. 5 Pito ou pa janm pwomèt Bondye w'ap
fè kichòy pou li pase pou ou pwomèt, epi pou ou pa kenbe
pwomès ou. 6 Pa kite pawòl ki soti nan bouch ou fè ou fè
peche. Apre sa pou ou al di reprezantan Bondye a: O
wi, se chape bouch mwen chape. Poukisa pou ou ta fè
Bondye fache sou ou? Poukisa pou ou ta fè Bondye detwi
travay ou fè ak men ou? 7 Tout rèv w'ap plede fè yo, tout
pawòl w'ap plede di yo p'ap sèvi ou anyen. Se krentif pou
ou toujou genyen pou Bondye. 8 Ou pa bezwen sezi lè
ou wè nan yon peyi, chèf ap peze pòv malere. Yo refize
rann yo jistis, yo derefize defann dwa inonsan yo. Chak
chèf gen yon gwo chèf dèyè l'. Lèfini yo tou de gen yon pi
gwo chèf ankò dèyè yo. 9 Travay latè se yon avantaj
pou tout moun, ata pou wa a. Se sou sa li konte tou. 10
Si ou renmen lajan, ou p'ap janm fin gen ase. Si w'ap
kouri dèyè richès, plis ou genyen, se plis ou anvi genyen
toujou. Sa tou, sa pa vo anyen. 11 Plis ou gen lajan, se
plis bouch w'ap gen pou bay manje. Sèl benefis ou jwenn
nan tou sa, se wè w'a wè ou rich. 12 Yon travayè te mèt
manje kont li, li te mèt pa manje kont li, l'ap toujou byen
dòmi lannwit. Men, moun rich yo, yo sitèlman genyen, yo

pase nwit yo blanch ak kè sote. 13 Men mwen wè sou
latè yon bagay ki fè lapenn anpil: Moun sere lajan epi sa
vire mal pou yo. 14 Yon malè pase, tout lajan an pèdi.
Li vin fè yon pitit, li pa gen anyen pou l' ba li. 15 Li soti
toutouni nan vant manman l', konsa tou l'ap tounen san
anyen anba tè. Pa gen anyen nan tou sa li travay fè li ka
pran pote ale ak li. 16 Wi, sa se bagay ki pou fann kè
nou ak lapenn: Jan nou vini an, se konsa nou prale. Nou
travay, men sa p'ap rapòte nou anyen. 17 Sa ki pi rèd la,
nou pase tout lavi nou nan fènwa, nan lapenn, nan kè
sere, nan maladi, nan fè kòlè. 18 Men sa mwen jwenn
ankò: Pi bon bagay yon moun ka fè sou latè, se manje, se
bwè, se jwi sa li travay di fè a, pandan de twa jou Bondye
ba li pou li viv la. Men, se sa ase ki pou yon moun nan
lavi. 19 Si Bondye bay yon moun richès ak byen, se pou
li jwi yo, se pou l' di Bondye mèsi, se pou l' jwi tou sa
li travay fè. Sa se kado Bondye ba li. 20 Li pa bezwen
chonje jan lavi a kout, paske Bondye ba li kont bagay pou
l' fè pou fè kè l' kontan.

6 Mwen wè yon lòt malè sou latè ankò, se bagay ki rive
fasil. 2 Bondye bay yon moun richès, pozisyon, byen,
lwanj. Wi, Bondye ba li tou sa li bezwen san manke yonn.
Men Bondye pa kite l' jwi yo. Se yon etranje k'ap jwi yo
pito. Tou sa pa vo anyen. Se bagay ki rèd anpil. 3 Yon
nonm te mèt gen san (100) pitit, li te mèt viv lontan, wi li
te mèt rive vye granmoun, si li pa jwi anyen nan lavi, si yo
pa ka fè bèl lantèman pou li, enben, mwen di nou: Yon
timoun ki fèt tou mouri miyò pase l'. 4 Paske ti pitit la fèt,
men sa pa sèvi l' anyen. Li disparèt lamenm. Ata non l'
yo pa gen tan konnen. 5 Li pa janm wè limyè solèy, li
pa janm konnen sa lavi ye. Men, ti pitit la jwenn pi bon
repo pase nonm sa a 6 ki viv depase demilan men ki pa
janm jwi anyen nan lavi, paske, lè ou gade byen, tou de al
menm kote a. 7 Tou sa yon nonm fè pase nan bouch,
men l'ap toujou grangou. 8 Kisa yon nonm ki gen lespri
gen pase yon nonm sòt? Kisa sa rapòte yon pòv malere
lè li konnen jan pou l' debat ak lavi a? 9 Anyen. Pito ou
kontan ak sa ou genyen pase pou ou toujou anvi sa ou pa
genyen. Sa pa vo anyen, sa pa rapòte anyen. 10 Tou sa
ki rive, depi lontan yo konnen li te la pou rive. Nou deja
konnen sa yon moun ye. Li pa ka nan kenbe tèt ak moun
ki pi fò pase l'. 11 Plis ou nan pale anpil, plis se tan ou
w'ap pèdi. Kisa sa ap rapòte ou? 12 Ki moun ki konnen
sa ki bon pou yon moun k'ap mennen yon lavi ki pa vo
anyen, yon lavi k'ap pase tankou yon nwaj, pandan de
twa jou l'ap pase sou tè a? Ki moun ki ka fè lèzòm konnen
sa ki gen pou rive sou latè apre y'a fin mouri?

7 Pito yo nonmen non ou anbyen pase pou yo pale sou
kalite bon odè ou mete sou ou. Jou ou mouri a pi bon
pase jou ou fèt la. 2 Pito ou ale nan yon kay kote ki gen
lanmò pase pou ou ale nan yon kay kote y'ap fè fèt, paske
tout moun gen pou mouri. Nou menm ki vivan, nou pa
dwe janm bliye sa. 3 Pito yon moun nan lapenn pase pou
l' gen kè kontan. Lapenn rale figi ou, men l'ap louvri lespri
ou. 4 Moun ki gen bon konprann toujou ap kalkile sou
lanmò. Moun sòt toujou ap kalkile sou ki jan pou yo jwi
lavi a. 5 Pito ou tande yon moun ki gen bon konprann ap
rale zòrèy ou pase pou ou tande moun sòt ap fè lwanj
pou ou. 6 Lè moun sòt ap ri, se tankou move chabon k'ap
pete nan dife. Sa pa vo anyen. 7 Lè yon moun ki gen bon
konprann ap sibi move trètman, sa ka fè l' pèdi tèt li. Lajan
sou kote fè l' pèdi karaktè l'. 8 Lè yon bagay ap fini li pi
bon pase lè l'ap konmanse. Pito ou pran pasyans pase
pou ou kite lògèy ap pouse ou. 9 Pa fè kòlè fasil, paske
se moun sòt ki renmen fache. 10 Pa janm mande poukisa
tan lontan te pi bon pase tan n'ap viv koulye a. Moun ki
gen bon konprann p'ap mande bagay konsa. 11 Sa bon
pou moun gen bon konprann. Se tankou si ou te gen anpil
byen. Se yon gwo avantaj pou tout moun k'ap viv sou
latè. 12 Bon konprann pwoteje ou menm jan lajan ka fè l'.
Men, avantaj yon moun genyen lè li gen konesans avèk
bon konprann, sa l' konnen an ap fè l' viv. 13 Gade travay
Bondye! Ki moun ki ka drese sa Bondye kwochi? 14 Lè
bagay ap mache byen pou ou, fè kè ou kontan. Lè malè
tonbe sou ou, chonje ni yonn ni lòt se nan Bondye sa soti.
Konsa, yon moun pa janm konnen sa k'ap vin apre l'. 15
Lavi n' sou latè pa vo anyen, se vre! Men mwen wè tout
kalite bagay: Mwen wè moun debyen, atout yo mache
dwat la, mouri mouri yo. Mwen wè mechan yo menm ap
viv lontan pou fè mechanste. 16 Pa chache twò bon, ni
gen twòp lespri. Sa ou bezwen touye tèt ou fè? 17 Men,
pa twò mechan ni pa twò sòt. Poukisa pou ou ta mouri
anvan lè ou? 18 Evite fè eksè ni nan yon sans ni nan
yon lòt. Si ou gen krentif pou Bondye, ou p'ap tonbe nan
fè eksè. 19 Sa konesans fè pou yon moun, dis grannèg
pa ka fè l' pou yon lavil. 20 Pa gen moun k'ap mache
dwat sou latè ki ka di tou sa l'ap fè byen, li pa janm fè sa
ki mal. 21 Pa koute tou sa moun ap di. Konsa ou p'ap
tande lè domestik ou ap pale ou mal. 22 Paske ou menm
tou, nan kè ou, ou konnen konbe fwa ou pale moun mal.
23 Mwen sèvi avèk bon konprann mwen pou m' fè tout
esperyans sa yo nan lavi. Mwen di mwen ta renmen gen
bon konprann. Men, mwen pa t' janm rive genyen l'. 24
Lavi se yon mistè. Li tankou yon twou san fon. Ki moun
ki ka rive konprann li? 25 Men, mwen pran san m' pou
m' chache konnen, pou m' egzaminen tout bagay. Mwen
te soti pou m' te konprann, pou m' te jwenn repons pou
tout keksyon mwen t'ap poze tèt mwen, pou m' te rive
konnen jan moun mechan yo pèdi tèt yo, jan moun sòt yo
egare. 26 Mwen jwenn yon bagay ki pi rèd pase lanmò.
Se fanm. Lè yo di yo renmen ou, se pèlen yo pare pou
ou. Lè yo pase bra yo nan kou ou, se chenn yo pase nan
kou ou. Yon moun ki fè Bondye plezi va chape anba men
yo. Men, moun k'ap fè sa ki mal ap tonbe anba grif yo. 27
Wi, men sa mwen menm filozòf la, mwen di: Antan m'ap
chache konprann, lè mwen mete tou sa m' konnen yonn
sou lòt, bout pou bout men sa mwen rive jwenn. 28 M'ap
chache yon lòt esplikasyon. Men mwen pa jwenn li. Sou
mil gason mwen kontre, se yon sèl mwen jwenn ki gen

konprann. Men pou fanm, mwen pa jwenn yonn menm.
29 Men sa ase mwen jwenn: Bondye kreye moun pou yo
viv san pwoblèm, li mete yon chemen tou dwat devan yo,
men se yo menm ki chache traka bay tèt yo.

8 Se moun ki gen bon konprann ki konnen jan pou l' bay
esplikasyon. Lè yon moun gen bon konprann, sa fè kè
l' kontan, tout pli nan fwon l' disparèt. 2 Se pou ou fè sa
wa a bay lòd fè a, poutèt sèman ou te fè devan Bondye a.
3 Pa prese wete kò ou devan li, pa pèsiste nan move pant
lan, paske li ka fè ou sa li vle. 4 Lè wa a pale, se fini. Pa
gen moun ki pou mande l' poukisa l'ap fè sa l'ap fè a. 5
Moun ki fè sa yo ba li lòd fè a pa nan pwoblèm. Yo p'ap
fè l' anyen. Yon nonm ki gen bon konprann konnen ki
jan ak kilè pou l' fè sa li gen pou l' fè a. 6 Chak bagay
gen jan pou yo fè l' ak lè pou yo fè l'. Se la tout tèt chaje
a ye. 7 Pesonn pa konnen sa ki pral rive. Epi pa gen
pesonn ki ka di nou sa ki pral rive. 8 Pesonn pa mèt lavi
l'. Lè jou a rive pou l' mouri, fòk li mouri. Pesonn pa ka
ranvwaye jou lanmò li. Nou pa ka kouri pou batay sa a.
Ata mechanste mechan yo pa ka sove yo. 9 Mwen wè
tou sa, lè m' t'ap kalkile sou sa k'ap pase sou latè. Moun
ap dominen sou moun pou fè yo soufri. 10 Wi. Mwen
wè yo antere mechan yo, yo kouche kadav yo anba tè.
Mwen wè moun ki mache dwat yo pa menm jwenn kote
pou moun antere yo. Tout moun nan lavil la bliye sa yo te
fè. Tou sa ankò pa vo anyen, sa p'ap sèvi anyen. 11 Se
paske yo pran twòp tan pou yo pini moun ki fè mal yo ki fè
moun toujou anvi fè sa ki mal. 12 Yon moun k'ap fè sa
ki mal gen dwa fè san (100) krim, yonn sou lòt, epi l'ap
toujou mache sou moun. Men, mwen konnen yo di tou: Si
ou gen krentif pou Bondye, w'ap viv ak kè kontan, paske
ou respekte Bondye. 13 Men se pa menm bagay la pou
mechan an. L'ap malere, lavi li tankou yon lonbraj. L'ap
mouri bonè, paske li pa gen krentif pou Bondye. 14 Men
tou sa se pawòl anlè. Gade sa k'ap pase sou latè: Gen
moun ki mache dwat ki resevwa pinisyon mechan yo. Gen
mechan ki resevwa rekonpans moun ki mache dwat yo.
Mwen di tou sa pa vo anyen. 15 Se konsa mwen mache
di se pou tout moun jwi lavi yo, paske sèl plezi yon nonm
gen nan lavi a se manje, se bwè, se pran plezi. Se sa ase
li ka fè pandan l'ap travay di nan lavi Bondye ba l' pou l'
viv sou latè a. 16 Chak fwa mwen pran desizyon pou m'
chache konprann, chak fwa mwen pran kalkile sa k'ap
pase sou latè, mwen wè ou te mèt pa janm dòmi lajounen
kou lannwit, 17 ou p'ap janm ka konprann travay Bondye
sou latè. Ou mèt fè sa ou vle, ou p'ap janm ka rive jwenn
sa w'ap chache a. Moun ki gen bon konprann kwè yo
konnen. Men yo pa konnen plis pase yon lòt.

9 Mwen kalkile anpil sou bagay sa yo. Mwen repase
bagay sa yo byen repase nan tèt mwen. Mwen wè
se Bondye k'ap dirije lavi tout moun, ni moun ki gen bon
konprann, ni moun ki mache dwat yo. Li kontwole tou sa
y'ap fè, kit yo renmen, kit yo rayi. Pesonn pa konn anyen
sou sa k'ap tann yo pi devan. 2 Se menm sò a ki gen pou
rive tout moun, ni mechan an, ni moun ki mache dwat la,
bon an kou move a, moun ki kenbe pye Bondye a kou
moun ki pa kenbe pye Bondye a, moun ki ofri bèt pou
touye pou Bondye kou moun ki pa ofri bèt pou Bondye.
Konsa, yon moun debyen pa pi bon pase moun k'ap fè sa
ki mal la. Moun ki fè sèman pa pi mal pase moun ki pè fè
sèman. 3 Se menm sò a pou tout moun. Sa tou, tankou
tout lòt bagay ki rive sou latè, se yon malè. Se konsa,
moun pase tout lavi yo ak mechanste nan kè yo, y'ap
kite lide moun fou travay nan tèt yo, epi yo rete konsa
yo mouri. 4 Men, toutotan yon moun vivan toujou gen
espwa pou li. Yon chen vivan miyò pase yon lyon mouri.
5 Wi. Moun vivan yo konnen yo gen pou yo mouri. Men
moun mouri yo pa konn anyen. Yo pa bezwen tann anyen
ankò pou sa yo fè. Talè konsa tout moun bliye yo. 6 Tout
santiman yo te gen nan kè yo pou moun yo te renmen,
pou moun yo te rayi, pou bagay yo te anvi, tou sa disparèt
avèk yo. Yo p'ap janm patisipe nan anyen k'ap fèt sou
latè ankò. 7 Ale non, monchè, manje manje ou ak kè
kontan, bwè diven ou san kè sote. Bondye deja dakò ak
tou sa w'ap fè. 8 Se pou rad anwo ou toujou byen pwòp,
tèt ou toujou byen penyen ak lwil santi bon. 9 Jwi lavi
avèk fanm ou renmen an, pandan tout jou w'ap viv lavi ki
pa vo anyen an, lavi Bondye ba ou pou viv sou latè a.
Jwi tout jou sa yo ki yonn pa vo lòt, paske se sèlman sa
ki pou ou nan lavi a, apre tout traka ou bay tèt ou pou
fè travay ou sou latè. 10 Tou sa ou jwenn pou ou fè, fè
l' ak tout fòs ou. Paske, kote ou prale a, nan peyi kote
mò yo ye a, nanpwen travay pou ou fè, pa gen lide ki
pou mache nan tèt ou, pa gen konesans, pa gen bon
konprann. (Sheol h7585) 11 Yon lòt bagay mwen wè ankò
sou latè, se pa toujou moun ki konn kouri ki genyen nan
kous, se pa toujou vanyan gason ki genyen nan lagè. Yon
moun ki gen konprann pa toujou gen manje pou l' manje,
yon moun ki gen lespri pa toujou gen anpil byen. Moun ki
gen kapasite pa toujou jwenn gwo pozisyon. Chans ak
malchans la pou tout moun. 12 Moun pa konnen lè lè yo
ap rive. Tankou pwason ki pran nan senn, tankou zwezo
ki pran nan pèlen, se konsa moun pran tou lè yon malè
sèk tonbe sou yo. 13 Men yon lòt bagay mwen te wè
ankò: Se yon bèl egzanp ki moutre sa bon konprann ka
fè pou moun. 14 Vwala se te yon ti bouk tou piti ki pa
t' gen anpil moun ladan l'. Yon gran wa vin atake l' ak
yon gwo lame. Li sènen bouk la toupatou, li fè pare yon
bann bagay pou kraze miray ranpa bouk la. 15 Te gen
yon nonm nan bouk la ki te gen lespri, men se te yon pòv
malere. Se li ki te sove bouk la avèk konesans li. Apre sa,
tout moun bliye l'. 16 Mwen te toujou di: Konesans pi bon
pase gwo kouraj, men yo meprize konesans moun ki pòv.
Yo p'ap koute yo lè y'ap pale. 17 Pito ou koute pawòl yon
moun ki gen konprann ap di ou tou dousman pase pawòl
chèf k'ap rele byen fò nan mitan yon bann moun sòt. 18
Konesans pi bon pase tout zam pou fè lagè. Men, fòt yon
sèl moun ka fè anpil byen pèdi tou.

10 Mouch mouri gate tout boutèy odè. Yo fè l' santi.
Konsa tou, yon sèl ti betiz ka fè tout gwo konesans
ou pase pou anyen. Sa ka fè moun pa respekte ou ankò.
2 Kè yon moun ki gen konprann toujou panche pou fè sa
ki byen, men kè moun sòt toujou panche pou fè sa ki
mal. **3** Menm lè moun sòt ap mache nan lari, li egare, li fè
tout moun wè se moun sòt li ye. **4** Si chèf ou move sou
ou, pa prese vire do ou ale. Si ou rete dousman, sa ka
evite ou anpil malè. **5** Men yon lòt move bagay mwen wè
ankò sou latè, lèfini se chèf yo ki lakòz sa. **6** Yo pran
moun sòt mete yo nan gwo pozisyon, epi yo kite moun ki
chaje ak konesans anba. **7** Mwen wè esklav ap karakole
sou chwal yo, epi chèf yo menm k'ap mache apye tankou
esklav. **8** Si ou fouye yon pi, se ou menm ki va tonbe
ladan l'. Si ou kraze yon miray, se ou menm sèpan va
mòde. **9** Si w'ap koupe wòch karyann, w'a blese. Si w'ap
fann bwa, malè ka rive ou. **10** Si dan rach ou pa koupe, si
ou pa file l', ou gen pou travay pi rèd lè w'ap sèvi avè
l'. Men bon konprann ap fè ou reyisi nan sa w'ap fè. **11**
Ou te mèt konn chame sèpan, sa p'ap sèvi ou anyen si
ou kite l' gen tan mòde ou. **12** Pawòl ki soti nan bouch
yon moun ki gen konprann sèvi yon lwanj pou li. Men
pawòl nan bouch moun sòt ap lakòz lanmò yo. **13** Lè yo
konmanse pale, se betiz y'ap di. Men lè y'ap fini, se pawòl
moun fou nèt y'ap di. **14** Moun sòt renmen pale anpil.
Pesonn pa konnen sa k'ap rive denmen. Pesonn pa ka di
nou sa k'ap rive apre nou mouri. **15** Moun sòt touye tèt li
nan travay, li bliye chimen kay li. **16** Ala malè pou yon
peyi lè li gen yon timoun alatèt li, lè chèf li yo tonbe nan
manje depi granmaten. **17** Men, ala bon sa bon pou yon
peyi lè wa a se moun ki soti nan bon ras, lè chèf li yo
manje lè pou yo manje pou yo ka jwenn fòs, epi ki pa lage
kò yo nan banbòch. **18** Lè yon moun twò parese pou l'
repare kay li, twati a ap koule, fetay la ap tonbe. **19** Yo fè
resepsyon pou yo pran plezi yo, yo bwè diven pou fè kè
yo kontan, men se lajan ki penmèt yo fè tou sa. **20** Pa
kritike yon wa, pa menm nan kè ou. Pa kritike rich yo, pa
menm anndan chanm ou. Paske raje gen zòrèy.

11 Fè byen san gad dèyè. Yon lè konsa, w'a jwenn
rekonpans ou. **2** Separe sa ou genyen ak mezi
moun ou kapab, paske ou pa janm konnen ki malè ki ka
rive ou sou latè. **3** Depi nwaj yo plen dlo, se pou lapli
tonbe sou latè. Lè yon pyebwa tonbe, kit li tonbe sou bò
nò, kit li tonbe sou bò sid, kote l' tonbe a, se la pou li rete.
4 Si w'ap gade sou van, ou p'ap janm plante. Si w'ap gade
sou nwaj, ou p'ap janm ranmase rekòt. **5** Menm jan ou pa
konnen ni kote van an soti ni kote li prale, menm jan an
tou ou pa konnen ki jan zo timoun fè fòme nan vant fanm
ansent. Se konsa tou ou pa ka konprann travay Bondye, li
menm ki fè tout bagay. **6** Nan maten, plante jaden ou.
Aswè rive, plante jaden ou ankò. Ou pa janm konnen kilès
nan de yo ap bay plis rannman. Ou pa janm konnen si
tou de p'ap pran, si tou de p'ap bay menm rannman. **7**
Ala bon bagay se fè klè! Sa bon nèt lè ou wè solèy. **8** Di
Bondye mèsi pou chak lanne li mete sou lavi ou. Ou te
mèt viv lontan, pa bliye tan ou pral pase lè ou fin mouri a
long anpil. Tou sa ki vin apre pa vo anyen. **9** menm, jenn
gason, pwofite jennès nou. Fè kè nou kontan pandan tout
tan nou jenn gason toujou. Fè tou sa nou ta vle fè, tou sa
nou anvi fè. Men pa bliye Bondye gen pou mande nou
kont pou tou sa nou fè. **10** Pa kite lapenn chita nan kè
nou. Pa kite anyen fè nou soufri nan kò nou. Ou p'ap rete
jenn gason ak cheve nwa tou tan.

12 Pandan ou jenn gason an, pa janm bliye Bondye
ki te kreye ou la, anvan jou malè yo rive sou ou,
anvan lè a rive pou ou di: Mwen pa jwenn ankenn plezi
nan lavi. **2** Lè sa a, limyè solèy la, lalin lan ak zetwal yo
ap parèt twoub twoub devan je ou. Syèl la pa janm klè.
Lapli poko fin tonbe, tan an gen tan mare ankò. **3** Lè sa a,
bra ou yo ki te konn pwoteje ou ap tranble. Janm ou yo ki
enganm koulye a ap febli. Ou p'ap gen dan pou kraze
manje. Je ou yo ap twò fèb pou wè klè. **4** De twou zòrèy
ou yo ap bouche, ou p'ap tande sa k'ap pase nan lari. Ata
gwo bri moulen ki toupre ou la, w'a tande l' tou piti piti.
Moun te mèt ap chante bò kote ou, w'ap tande vwa yo
lwen lwen. Lè sa a, depi pipirit konmanse chante, nou gen
tan leve. **5** W'ap pè moute sou bagay ki twò wo pou ou
pa gen tèt vire. Menm mache nan granchemen ap yon
danje pou ou. Tout cheve nan tèt ou ap vin blan, w'ap
pèdi fòs kouray ou. Pa gen anyen ki ka fè l' tounen ankò.
W'ap desann nan dènye kay kote ou pral rete pou tou tan
an. Lè sa a, moun ap mache rele nan tout lari. **6** Wi, pa
janm bliye Bondye ki fè ou la anvan ti chenn an ajan an
detache sot tonbe, anvan bòl an lò a tonbe kraze, anvan
kalbas dlo a kraze miyèt moso, anvan so a kase. **7** Lè sa
a, kò nou pral tounen pousyè latè jan l' te ye anvan an.
Souf nou menm ap tounen jwenn Bondye ki te ban nou l'
lan. **8** Lavi pa vo anyen. Lavi pa sèvi anyen. Filozòf la di:
Anyen pa vo anyen. **9** Men, paske filozòf la te gen bon
konprann, li pa janm sispann moutre pèp la tou sa li te
konnen. Li egzaminen anpil pwovèb, li etidye yo, li pran
san li pou li sanble yo. **10** Li pran san li pou li jwenn pawòl
ki pou fè moun plezi. Men nan tou sa li ekri, li bay verite a
jan li wè l' la. **11** Pawòl moun ki gen konprann tankou
baton yo sèvi pou djige bèf kabwa. Liv pwovèb yo tankou
yon seri klou yo kloure yonn kot lòt. Men se yon sèl mèt ki
bay yo, se Bondye. **12** Pitit mwen, men sa pou ou fè:
Pran leson sou bagay sa yo. Si pou yo ta ekri anpil liv, yo
pa ta janm fini. Lè ou etidye twòp, sa fè kè ou fè ou mal.
13 Apre tout pawòl sa yo, se yon sèl bagay pou m' di nan
sa: Gen krentif pou Bondye. Fè tou sa li mande ou fè yo.
Se pou sa ase Bondye te kreye moun. **14** Paske Bondye
ap jije tou sa n'ap fè, kit yo bon, kit yo pa bon, ata bagay
nou fè an kachèt.

Chante Salomon

1 Men pi bèl chante nan tout chante Salomon yo. **2** Bo
m' non, kouvri m' ak bo! Karès ou pi dous pase siwo
myèl. **3** Ou gen yon bon sant k'ap soti nan tout kò ou.
Depi yo tande non ou, sant ou vin nan nen yo. Se sa ki
fè jenn fi yo renmen ou konsa! **4** Pran m' avè ou non!
Ann kouri ale! Se ou menm ki wa mwen. Mennen m' nan
chanm ou. Depi ou la, se pa ti kontan n'ap kontan. N'ap
chante karès ou ki pi dous pase siwo myèl. Jenn fi yo gen
rezon renmen ou konsa! **5** Medam lavil Jerizalèm, Po m'
boule, men m' bèl! Po m' menm koulè ak tant nan dezè a.
Men, li bèl tankou rido nan palè Salomon an. **6** Pa gade
sou koulè po m'! Se solèy la ki boule m' konsa. Frè m'
yo te move sou mwen. Yo fè m' travay nan jaden rezen
lòt moun. M' pa t' gen tan pou m' okipe jaden rezen pa
m'. **7** Manyè di m' non, ou menm mwen renmen anpil
la, kibò ou pral mennen mouton yo manje? Kibò yo pral
pare solèy midi? Konsa m' p'ap bezwen mache chache ou
tankou moun fou nan mitan mouton lòt gadò parèy ou yo.
8 Bèl fanm pase ou, nanpwen! Ki jan ou fè pa konn kote
sa a? Ale non. Swiv mouton yo. W'a jwenn manje bò la
pou kabrit ou yo, toupre tant gadò yo. **9** Ou menm mwen
renmen anpil la, w'ap boulvèse mesye yo, menm jan yon
jiman ap boulvèse poulen chwal cha lagè farawon yo. **10**
Ala bèl figi ou bèl nan mitan très cheve ou yo! Ala bèl kou
ou bèl ak kolye ou yo! **11** Men, n'ap fè yon chenn lò pou
ou ak ti moso ajan kole ladan l'. **12** Mèt mwen te kouche
sou kabann li. Sant odè mwen an te gaye toupatou. **13**
Mennaj mwen tankou yon pake bazilik, ki poze sou tete
m'. **14** Mennaj mwen tankou yon bouke flè k'ap fleri nan
jaden rezen Angedi. **15** Ala bèl ou bèl, anmòrèz mwen!
Ala bèl ou bèl! Je ou yo ou ta di de ti pijon. **16** Ala bèl
ou bèl, mennaj mwen! Se pa ti kontan ou fè m' kontan.
Zèb yo sèvi nou kabann! **17** Branch bwa sèd yo sèvi nou
travès kay, branch pye chenn yo sèvi nou twati.

2 Se yon woz mawon sou mòn Sawon mwen ye, yon bèl
ti flè nan yon basrak. **2** Tankou yon bèl ti flè nan mitan
pikan, se konsa anmòrèz mwen ye nan mitan lòt jenn
fi yo. **3** Tankou yon pye ponm nan mitan yon rakbwa,
se konsa mennaj mwen ye nan mitan lòt jenn gason yo.
Mwen renmen chita anba lonbray li. Donn li gou nan
bouch mwen. **4** Li mennen m' yon ti kote al bwè avè l'.
Se pawòl damou ase l'ap glise nan zòrèy mwen. **5** Li
remoute kouraj mwen ak pen rezen. Li rafrechi gòj mwen
ak ponm. Mwen malad sitèlman mwen renmen! **6** Li pase
men gòch li anba tèt mwen, l'ap karese m' ak men dwat
li! **7** Nou menm, medam lavil Jerizalèm, tanpri, tanpri
souple! Fè m' sèman sou tèt gazèl bèf ak fenmèl kabrit ki
lage nan savann yo! Pa deranje anmòrèz mwen lè l'ap
dòmi. Pa leve l' san l' pa vle. **8** Mwen tande vwa mennaj
mwen! Men l'ap vini. Li soti sou mòn yo, l'ap kouri desann
timòn yo vin jwenn mwen. **9** Mennaj mwen tankou yon
kabrit, tankou yon jenn ti kabrit. Men li la dèyè miray kay
la. L'ap gade nan fennèt la, l'ap veye nan jalouzi a pou
wè sa m'ap fè. **10** Mennaj mwen pale avè m', li di m':
Vini non, anmòrèz mwen! Ann al avè m' non, bèl nègès
mwen! **11** Gade! Sezon fredi pase, lapli sispann tonbe. **12**
Nan tout jaden, flè yo louvri. Se sezon ou tande chante
toupatou. Toutrèl gen tan ap chante nan bwa. **13** Fig frans
konmanse mi. Nou ka pran sant flè pye rezen yo. Vini
non, anmòrèz mwen! Ann al avè m' non, bèl nègès mwen!
14 Ti toutrèl mwen, ou kache nan fant wòch yo, anba gwo
wòch byen wo yo. Moutre m' ti figi ou non! Fè m' tande
vwa ou. Ala bèl ti figi ou bèl! Ala dous vwa ou dous! **15**
Kenbe vòlò yo, kenbe ti vòlò yo anvan yo ravaje jaden
rezen nou yo, jaden rezen nou yo k'ap fleri. **16** Mennaj
mwen, se pou mwen li ye! Mwen menm, se pou li mwen
ye! L'ap fè mouton l' yo manje nan mitan pye woz yo. **17**
Anvan labrin tonbe, anvan solèy vin kouche, kouri tounen
vin jwenn mwen, mennaj mwen, tankou yon kabrit, tankou
yon jenn ti kabrit k'ap kouri sou mòn byen wo yo.

3 Pandan plizyè nwit, m' kouche sou kabann mwen, m'
chache moun mwen renmen anpil la. M' chache l',
mwen pa jwenn li. **2** Apre sa, mwen leve, mwen pran
mache nan tout lavil la, m' chache moun mwen renmen
an nan tout lari, sou tout laplas yo. M' chache l', mwen pa
jwenn li. **3** Gad k'ap mache fè patwouy nan lavil la kontre
avè m'. Mwen mande yo: Souple! Nou pa wè nèg mwen
renmen an pou mwen? **4** Kite mwen kite gad yo, mwen
jwenn moun mwen renmen an. Mwen kenbe men l'. Mwen
pa lage l' jouk mwen mennen l' kay manman m', nan
chanm moun ki te pote m' nan vant li an. **5** Nou menm,
medam lavil Jerizalèm, tanpri, tanpri souple! Fè m' sèman
sou tèt gazèl bèf ak fenmèl kabrit ki lage nan savann yo.
Pa deranje anmòrèz mwen lè l'ap dòmi. Pa leve l' san li
pa vle. **6** Kisa k'ap vini sot nan dezè a? L'ap vini nan
mitan de poto lafimen. Lè a gen sant lansan, li gen sant
mant, li gen sant tout kalite poud santi bon machann vann.
7 Gade! Se yon kabann divan y'ap pote pou Salomon.
Gen swasant sòlda k'ap eskòte l', swasant nan pi vanyan
sòlda peyi Izrayèl la. **8** Yo tout gen anpil ladrès pou sèvi
ak nepe. Se vyewo yo ye nan lagè. Yo chak gen nepe
yo mare nan ren yo. Yo tou pare pou si yo ta atake yo
lannwit. **9** Wa Salomon fè fè yon bèl divan sou branka
pou li ak pi bon bwa peyi Liban, **10** Poto kwen yo fèt an
ajan. Tèt divan an kouvri an lò. Matla a kouvri ak bèl twal
wouj, tout anndan an bwode. Se medam lavil Jerizalèm
yo ki fè l' pou li ak tout kè yo. **11** Soti non, medam mòn
Siyon yo! Vin wè wa Salomon ak kouwòn manman l' te
mete sou tèt li jou maryaj li, jou kè l' te kontan anpil la.

4 Ala bèl ou bèl, anmòrèz mwen! Ala bèl ou bèl dèyè
vwal ki sou tèt ou a! Je ou yo ou ta di de ti pijon. Cheve
ou yo ap danse tankou yon bann kabrit k'ap kouri desann
sou mòn Galarad. **2** Dan ou yo blan tankou mouton yo
fèk sot benyen apre yo fin koupe lenn sou do yo. Ou pa
manke yonn ladan yo. Tout dan anwo yo mache ak dan
anba yo. **3** Po bouch ou, ou ta di yon bèl ti riban wouj. Se

bèl plezi pou tande w'ap pale! De bò figi ou yo ou ta di
de bò grenad anba vwal ou a. 4 Kou ou kanpe tankou
bèl fò won David la, kote yo kenbe depo zam yo. Se la
vanyan sòlda yo vin pandye mil plak fè pwotèj. 5 Tete ou
yo doubout tankou de ti gazèl, tankou de ti gazèl menm
fòs, menm pòte k'ap manje nan jaden flè. 6 M'ap rete sou
mòn mant lan, sou ti bit lansan an jouk bajou kase, jouk
solèy leve. 7 Ou pa manke bèl, anmòrèz mwen! Depi nan
pwent zòtèy ou jouk nan pwent cheve ou, ou san defo! 8
Ann al avè m' non! Ann desann mòn Liban an, fiyanse
mwen! Ann desann mòn Liban an! N'ap rete sou tèt mòn
Amana, sou mòn Seyi ak sou mòn Emon kote lyon ak
leyopa rete, n'ap gade plenn lan anba. 9 Sò mwen, bèl
nègès mwen, ou annik gade m' yon fwa, ou fè m' pèdi
lòlòj mwen. M' annik wè yonn nan bèl ti chenn nan kou ou
yo, m' pèdi tèt mwen. 10 Ala dous karès ou yo dous, sò
mwen, bèl nègès mwen! Karès ou yo pi dous pase siwo
myèl. Sant kò ou pi bon pase tout kalite fèy santi bon. 11
Bouch ou gen gou siwo myèl, bèl nègès mwen! Anba lang
ou menm, se lèt ak siwo myèl. Rad sou ou gen menm
sant ak rakbwa mòn Liban an. 12 Sò mwen, bèl nègès
mwen, ou tankou yon jaden kache, yon sous dlo yo fèmen
dèyè miray, yon fontenn yo sele. 13 Ou tankou yon jaden
fre kote pye grenad ap grandi. Y'ap bay bèl grenad byen
dous. Ou tankou yon jaden kote yo jwenn jasmen ak ti
bonm, 14 tibonm ak safran, sitwonèl ak kannèl ak tout
kalite pyebwa ki bay lansan, lami ak lalwa, ansanm ak
tout kalite plant ki gen bon sant. 15 Fontenn jaden mwen
an, se yon sous dlo k'ap koule desann byen fre soti nan
mòn Liban an. 16 Van nòde, leve non! Van swèt, kouri vini
soufle sou jaden mwen an! Plen lè a ak bon sant. Vini
non, mennaj mwen! Antre nan jaden ki pou ou a! Manje
nan pi bon fwi yo!

5 M' antre nan jaden ki pou mwen an! Sò mwen, bèl
ti nègès mwen. Mwen keyi lami ak lòt fèy santi bon.
Mwen manje gato myèl mwen ak tout siwo a. Mwen bwè
diven m', mwen bwè lèt mwen. Mezanmi, manje manje
nou! Bwè bwè nou! Fè lamou nou jouk nou sou! 2 Mwen
t'ap dòmi, men kè m' t'ap veye. Mwen tande mennaj mwen
k'ap frape nan pòt la. Louvri pou mwen, tanpri, sò mwen,
fiyanse m', toutrèl mwen, bèl nègès mwen! Seren mouye
tout tèt mwen. Tout cheve m' plen dlo lawouze. 3 Mwen
gen tan wete rad sou mwen, Ou ta vle m' mete rad sou
mwen ankò? M' gen tan lave pye m'. Ou ta vle m' mete yo
atè ankò? 4 Mennaj mwen pase men l' nan twou pòt la.
Tout san nan kò m' mache. 5 Lamenm, mwen leve pou m'
louvri pou mennaj mwen. Sant lami a te sou tout men m'.
Li t'ap degoute nan dwèt mwen sou kwòchèt pòt la. 6 Lè
mwen louvri pòt la pou li, li te gen tan al fè wout li. Jan m'
te santi m' ap mouri lè m' te tande l' ap pale a! M' chache
l', m' pa jwenn li! M' rele l', li pa reponn! 7 Gad k'ap fè
patwouy nan tout lavil la kontre avè m'. Yo bat mwen,
yo toufounen m'! Gad ki t'ap fè faksyon sou miray ranpa
yo pran gwo manto ki te sou mwen an. 8 Nou menm,
medam lavil Jerizalèm yo, tanpri, tanpri souple! Si nou
kontre ak mennaj mwen an, di l' pou mwen: mwen malad
sitèlman mwen renmen! 9 Ou menm ki pi bèl pase tout
fanm, kisa mennaj ou genyen pase lòt gason? Wi, kisa li
genyen lòt gason pa genyen, pou ou mande nou fè sa
pou ou? 10 Mennaj mwen bèl, li byen kanpe. Li fasil pou
rekonèt, te mèt nan mitan dimil (10.000) gason. 11 Figi l'
gen yon bèl koule jòn, tankou lò. Cheve li yo tankou fèy
palmis nan van. Yo nwa tankou plim kaou. 12 De je l'
yo, ou ta di de pijon bò yon ti dlo larivyè. Ou ta di de ti
pijon nwa k'ap benyen nan de kivèt lèt. 13 De bò figi l' yo
tankou de jaden plen zèb ak flè santi bon! Bouch li tankou
flè savann ki gen bon sant. 14 Men l' yo, ou ta di chenn
an lò, ak yon bann bèl ti pyè topaz kole sou yo. Kò li, ou
ta di yon gwo moso ivwa tou blan byen poli, kouvri ak pyè
safi. 15 Janm li yo, ou ta di de poto mab byen kanpe sou
de moso lò bon kalite. Lè ou gade l', li tankou mòn Liban,
li kanpe tankou gwo pye sèd Liban yo. 16 Anndan bouch
li dous tankou siwo myèl. Li bèl gason nan tout kò li. Se
konsa mennaj mwen an ye, se konsa zanmi m' lan ye,
medam lavil Jerizalèm!

6 Ou menm ki pi bèl fanm pase tout fanm, kote mennaj
ou ale? Ki wout ou wè li pran? Nou pral ede ou chache
l'. 2 Mennaj mwen al nan jaden l', kote pyebwa santi bon
ap pouse. li al bay mouton l' yo manje. li al ranmase bèl
ti flè. 3 Mennaj mwen pou mwen, mwen pou mennaj
mwen. li ap fè mouton l' yo manje nan mitan bèl ti flè yo.
4 Anmòrèz mwen, ou bèl tankou lavil Tisa. Lè m' wè ou
sa fè m' plezi tankou lè m' wè lavil Jerizalèm. Kote ou
pase tout moun pèdi nan ou! 5 Sispann gade m', paske
lè ou gade m', ou fè m' pa konn sa m'ap fè. Cheve ou
ap danse bò figi ou tankou kabrit k'ap kouri desann sou
mòn Galarad yo. 6 Dan ou yo blan tankou mouton yo
fèk sot benyen. Ou pa manke yonn ladan yo. Tout dan
anwo yo mache ak dan anba yo. 7 De bò figi ou yo ou ta
di de bò grenad anba vwal ou a. 8 Wa a gen swasant
renn, katreven fanm kay. Pou jenn fi menm, se pa pale. 9
Men, pa gen tankou jenn ti pijon mwen an. Li menm ase
mwen renmen. Se sèl pitit fi manman l' fè. Se pitit sa a li
pi renmen. Lè jenn fi yo wè l', yo di: Gade sa Bondye fè
pou ou! Renn yo ak fanm kay yo menm ap fè lwanj li.
10 Kilès sa a k'ap parèt tankou solèy ki fèk leve? Li bèl
tankou lalin, li klere tankou solèy. Kote ou pase tout moun
pèdi nan ou! 11 Mwen desann nan jaden zanmann yo pou
m' te wè jenn ti plant yo nan fon an, pou m' wè si pye
rezen yo ap boujonnen, si pye grenad yo ap fleri. 12 Apre
sa, m' pa konn sa ki pase m'. M' santi m' tankou yon sòlda
sou cha lagè ki anvi al goumen. 13 Tounen non, fanm
lavil Choulam! Tounen! Tounen non pou n' ka gade ou!
Poukisa nou vle gade fanm lavil Choulam lan k'ap danse
nan mitan de ran moun?

7 Ala bèl pye ou bèl nan sapat ou yo, nègès mwen! Ren
ou tankou si li te dekore ak bon lò. Ou ta di travay
yon bòs ki gen anpil ladrès ak gou! 2 Lonbrit ou tankou
yon bòl won ki pa janm manke diven melanje ak fèy santi

bon. Anba vant ou menm tankou yon bèl jaden ble ak
bèl ti flè sou tout arebò li. 3 Tete ou yo doubout tankou
de ti gazèl, de ti gazèl menm fòs, menm pòte. 4 Kou ou
tankou yon fò won fèt an ivwa. Je ou yo tankou basen dlo
nan lavil Esbon, bò pòtay gwo lavil la. Nen ou tankou
gwo fò peyi Liban an k'ap veye sou lavil Damas. 5 Ou
kenbe tèt ou dwèt sou kò ou, tankou mòn Kamèl. Cheve
ou yo ap flote tankou bèl twal swa wouj grena. Nenpòt wa
ta ka pèdi nan bouklèt cheve ou yo! 6 Ala bèl ou bèl,
mennaj mwen! Ala dous ou dous, bèl nègès mwen! 7 Lè
ou kanpe, ou ta di yon bèl pye palmis. De tete ou yo ou ta
di de ti grap palmis. 8 Mwen fè lide moute sou pye palmis
la pou m' keyi grap yo. Pou mwen, tete ou yo tankou de
grap rezen. Bouch ou gen sant ponm kajou! 9 Anndan
bouch ou, gen gou yon bon diven. Kite diven an koule
pou mennaj mwen, Kite l' koule nan bouch nou antan
n'ap dòmi. 10 Se pou mennaj mwen mwen ye! Se mwen
menm li anvi. 11 Vini non, mennaj mwen! Ann al andeyò.
N'a pase nwit lan nan jaden yo. 12 Nan maten, n'apral
gade pye rezen yo pou wè si yo konmanse boujonnen, si
flè yo ap louvri, si pye grenad yo ap fleri. Se la n'a karese
nèt ale. 13 Ou ka pran sant mandragò yo. Devan papòt
nou an gen tout kalite bon fwi, fwi ki fèk keyi ak fwi ki
byen mi. Mennaj mwen, se mwen ki te sere yo pou ou.

8 Poukisa se pa t' frè m' ou te ye, frè ki tete menm
manman avè m'? Lè m' ta kontre avè ou nan lari, m' ta
gen dwa bo ou, pesonn pa ta wè mal nan sa. 2 Mwen ta
mennen ou lakay manman m', mwen ta fè ou antre. Ou ta
moutre m' sa pou m' fè. M' ta ba ou diven melanje ak fèy
santi bon ak ji grenad mwen yo pou ou bwè. 3 Li pase
men gòch li anba tèt mwen, l'ap karese m' ak men dwat li.
4 Nou menm medam lavil Jerizalèm, tanpri, tanpri souple!
Pa deranje anmòrèz mwen lè l'ap dòmi. Pa leve l' san l'
pa vle. 5 Kilès sa a k'ap vin sot nan dezè a? Kilès sa a
ki apiye sou bra mennaj li konsa? Anba pye ponm lan,
mwen leve ou nan dòmi. Se la ou te fèt. Se la manman ou
te fè ou wè solèy. 6 Pa renmen lòt moun pase mwen ase!
Kenbe m' fò nan bra ou! renmen tankou lanmò. Lè ou
renmen yon moun tout bon, se mouri w'ap mouri pou li.
renmen met dife nan tout kò ou. Dife sa a se nan Bondye
li soti. **(Sheol h7585)** 7 Pa gen dlo ki ka touye l'. Pa gen
larivyè ki ka tenyen l'. Yon moun te mèt ofri tout richès
lakay li pou l' ta achte renmen, pesonn pa ta okipe l'. 8
Nou gen yon ti sè, li poko menm pouse tete. Kisa pou nou
fè pou li si yon jenn gason vin ap file l'? 9 Si se yon miray
li ye, n'a bati yon gwo fò won an ajan sou li. Si se yon pòt
li ye, n'a fèmen l' ak batan sèd, n'a kouvri l' ak panno bwa
sèd. 10 Se yon miray ranpa mwen ye. Tete m' tankou de
fò. Se poutèt sa, nan je mennaj mwen, m' se yon fanm ki
jwenn bonè m'. 11 Salomon te gen yon jaden rezen yon
kote yo rele Baal-Amon. Li bay kèk moun okipe l' pou
li. Lè rekòt, yo chak pou te ba li mil (1.000) pyès ajan.
12 Mwen gen jaden rezen pa m' m'ap okipe. Salomon,
ou mèt kenbe mil (1.000) pyès ajan pa ou yo ak desan
(200) pyès ajan pou moun k'ap veye rekòt la. 13 Zanmi
kanmarad ap pare zòrèy pou tande ou. Fè m' tande vwa
ou non, ou menm ki rete nan jaden yo! 14 Kouri non,
mennaj mwen! Kouri tankou yon kabrit, tankou yon jenn ti
kabrit sou mòn ki gen bon sant yo!

Ezayi

1 Men vizyon sou peyi Jida ak lavil Jerizalèm Bondye
te fè Ezayi, pitit Amòz la, wè sou rèy wa Ozyas, wa
Jotam, wa Akaz ak wa Ezekyas nan peyi Jida a. **2** Seyè a
di konsa: -Ou menm syèl la, koute! Ou menm latè, pare
zòrèy ou! Paske mwen menm, Seyè a, mwen pral pale!
Pitit mwen te okipe yo, pitit mwen te elve yo, men yo vire
do ban mwen. **3** Bèf ki bèf konnen mèt li. Bourik ki bourik
konnen kote mèt li ba l' manje. Men, pèp Izrayèl la menm
pa konn bagay konsa. Pèp mwen an pa konprann anyen.
4 Malè pou peyi nou an, kote tout moun ap viv nan peche!
Malè pou pèp ki plen krim sou konsyans yo, pou ras moun
sa yo k'ap fè sa ki mal, pou bann pitit sa yo ki fin pèvèti!
Yo lage pye Bondye Seyè a! Yo pa okipe Bondye pèp
Izrayèl la ki yon Bondye apa. Yo vire do ba li. **5** Poukisa
n'ap plede fè tèt di konsa? Pa gen kote ankò pou yo frape
nou. Tout tèt la malad. Pa gen kò ankò pou sipòte. **6**
Depi nan po tèt nou rive anba pla pye nou, nanpwen kote
nan kò nou ki pa malad. Se blese, se foule, se san k'ap
koule. Yo pa netwaye yo, yo pa mare anyen sou yo, yo
pa mete medikaman sou yo pou kalme doulè yo. **7** Peyi
nou an fini. Dife fin boule tout lavil nou yo ratè. Moun
lòt nasyon yo piye tout jaden nou yo, l'a devan je nou.
Yo fini ak tout bagay nan peyi a nèt. Yon sèl lafliksyon
tonbe sou nou, tankou lè lènmi pase nan peyi a. **8** Lavil
Jerizalèm rete pou kont li sou do mòn Siyon an, tankou
yon ti joupa, tankou yon ti tonèl nan mitan jaden. Lènmi
sènen l' toupatou. **9** Si Seyè ki gen tout pouvwa a pa t'
kite kèk moun nan nou chape, lavil la t'ap disparèt nèt
tankou sa ki te rive lavil Sodòm ak lavil Gomò a. **10** Lavil
Jerizalèm sa a! Chèf li yo tankou chèf lavil Sodòm. Moun
li yo tankou moun lavil Gomò. Nou tout ki la a, koute sa
Seyè a ap di chèf lavil yo. Pare zòrèy nou pou nou tande
lòd Bondye nou an ap bay moun Jerizalèm yo. **11** Li di yo:
Sa pou m' fè ak pakèt bèt n'ap plede ofri pou touye pou
mwen yo? Mwen bouke ak belye mouton n'ap boule sou
lotèl la, ak grès towo n'ap ofri ban mwen yo. Kanta pou
san bèf, san mouton ak san kabrit yo menm, mwen pa
bezwen sa. **12** Lè n'ap vin fè sèvis pou mwen, ki moun
ki mande nou pou nou fè tout ale vini sa yo nan lakou
tanp mwen an? **13** Nou mèt sispann fè bann ofrann sa
yo ki p'ap sèvi nou anyen. Mwen pa ka sipòte lafimen
lansan n'ap ofri m' lan. Mwen pa vle wè fèt lalin nouvèl
nou yo, jou repo nou yo ak tout lòt reyinyon n'ap fè yo. M'
pa ka sipòte fèt moun k'ap fè mechanste yo ap fè pou
mwen. **14** Mwen rayi fèt lalin nouvèl nou yo ak tout bèl
seremoni n'ap plede fè yo. Se yon chay yo tounen pou
mwen. Mwen pa ka sipòte yo ankò. **15** Lè n'ap leve bra
nou anlè pou nou lapriyè nan pye m', m'ap bouche je m'
pou m' pa wè nou. Nou mèt fè lapriyè sou lapriyè, mwen
p'ap tande nou! Men nou plen san! **16** Manyè netwaye
lavi nou non! Mete nou nan kondisyon pou fè sèvis pou
mwen non! Sispann tout lenjistis mwen wè n'ap fè yo! Wi,
sispann fè sa ki mal! **17** Manyè aprann fè sa ki byen!
Chache fè sa ki dwat devan mwen! Pran defans moun
y'ap kraze yo! Defann kòz timoun ki san papa ak fanm ki
pèdi mari yo. **18** Seyè a di konsa: -Nou mèt vini atò! Vini
non! Ann regle koze a! Menm si peche nou yo ta tache
wouj kou san sou tout kò nou, m'ap lave nou. M'ap fè nou
vini blan kou koton. Nou te mèt tache wouj fonse, m'ap
blanchi nou, m'ap fè nou blan kou lenn mouton. **19** Si nou
dakò pou nou fè sa mwen di nou fè, n'a manje bèl rekòt
peyi a va bay. **20** Men, si nou derefize koute m', si nou
rete ap fè tèt di toujou, nou tout gen pou n' mouri nan
lagè. Se mwen menm, Seyè a, ki di sa ak bouch mwen.
21 Yon lè, lavil Jerizalèm te renmen m' ak tout kè li. Koulye
a, li tounen yon jennès! Yon lè, se moun ki mache dwat
ase ki te rete ladan l', yo pa t' fè lenjistis. Koulye a se renk
ansasen! **22** Lajan nou yo tounen labou, yo pa vo anyen!
Bon diven nou yo tounen dlo! **23** Chèf nou yo leve vire do
bay Bondye. Yo fè bann ak vòlò yo! Tout moun cho dèyè
avantaj pa yo. Y'ap kouri dèyè moun k'ap bay lajan. Yo pa
defann kòz moun ki san papa yo. Lè yon fanm san mari
nan ka, yo pa gade l' menm. **24** Se poutèt sa, koulye a,
koute sa Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a, Bondye
pèp Izrayèl la, Bondye ki gen fòs kouraj la ap di: Nou
se lènmi m'. Nou pa vle wè m'. Mwen pral pran revanj
mwen. Mwen p'ap kite nou ban m' traka ankò. **25** Mwen
pral regle nou. Mwen pral netwaye nou nan dife, tankou
lè y'ap netwaye fè. Mwen pral wete tout vye kras ki sou
nou. **26** Mwen pral ban nou chèf ak majistra tankou sa
nou te konn genyen nan tan lontan yo. Lè sa a, y'a rele
lavil Jerizalèm: lavil kote moun mache dwat la, lavil ki
renmen m' ak tout kè li. **27** Seyè a ap fè sa ki gen pou fèt.
L'a sove lavil Jerizalèm. Seyè a ap rann jistis, l'a delivre
moun Siyon ki va tounen vin jwenn li yo. **28** Men, l'ap
kraze sa k'ap fè sa ki mal yo ansanm ak sa k'ap viv nan
peche yo. L'ap touye tou sa ki vire do bay Seyè a. **29** N'a
wont akòz gwo pye bwadchenn repozwa nou te konn sèvi
yo, akòz bèl jaden nou te plante pou zidòl yo. **30** N'ap
tankou yon pye bwadchenn k'ap deperi, tankou yon jaden
ki pa jwenn dlo. **31** Menm jan yon ti tensèl mete dife nan
yon pil fachin bwa chèch, se konsa sa gwonèg yo ap fè a
ap tounen yon tizon dife nan dèyè yo. Pesonn p'ap ka fè
anyen pou sove yo.

2 Men mesaj Bondye te bay Ezayi, pitit Amòz la, nan
vizyon li te fè sou peyi Jida ak sou lavil Jerizalèm: **2**
Yon tan gen pou rive! Lè sa a, mòn kote Tanp lan ye a, va
pi wo pase tout lòt mòn yo. L'ap kanpe byen wo nan mitan
mòn yo. Moun va soti nan tout peyi an kantite vin sou li. **3**
Anpil moun lòt nasyon va mache vini. Y'a di: -Ann ale
sou mòn Seyè a! Ann al nan Tanp Bondye pèp Izrayèl
la! L'a moutre nou jan li vle nou viv la. Konsa n'a mache
nan chemen l'ap mete devan nou an. Paske, Seyè a rete
sou mòn Siyon an, l'ap bay lòd li. Li rete lavil Jerizalèm,
l'ap pale ak pèp li a. **4** L'ap regle tout kont nasyon yo
gen yonn ak lòt. L'ap jije tout gwo peyi yo. Y'a pran mato,
y'a fè zam yo tounen zouti pou travay tè. Y'a fè nepe yo
tounen kouto digo. Nasyon yo p'ap fè lagè yonn ak lòt

ankò. Yo p'ap janm aprann fè lagè ankò. 5 Koulye a, nou
menm moun fanmi Jakòb yo, annou mache nan limyè
Seyè a ban nou an. 6 Bondye, ou te lage pèp ou a, moun
fanmi Jakòb yo. Peyi yo a plen moun k'ap fè divinò, plen
moun k'ap li nan zetwal. Peyi a tounen tankou peyi moun
Filisti yo. Tout moun nan peyi a ap swiv vye mès moun lòt
nasyon yo. 7 Peyi a plen ajan ak lò. Richès pèyi a pa gen
limit. Peyi a plen chwal. Ou pa ka konte kantite cha pou fè
lagè yo genyen. 8 Peyi a plen zidòl. Y'ap sèvi bagay yo fè
ak men yo, bagay yo bay fòm ak dwèt yo. 9 Tout moun
pral bese je yo gade atè afòs yo pral wont. Pa padonnen
yo, Seyè! 10 Yo pral kache kò yo nan twou wòch. Yo
pral fouye twou anba tè pou yo chape anba kòlè Seyè a.
Sezisman va pran yo lè y'a wè Seyè a. Y'a kouri al kache
lè pouvwa li va parèt aklè. 11 Yon jou gen pou vini! Lè sa
a, p'ap gen moun k'ap gonfle lestonmak yo sou moun
ankò! P'ap gen moun k'ap fè awogan ankò sou moun!
Jou sa a, Seyè a va sèl chèf. 12 Wi, jou sa a, se va jou
Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a! L'ap fè tout moun
ki t'ap gonfle lestonmak yo bese je yo gade atè ansanm
ak tout moun ki t'ap fè awogan yo ak tout grannèg yo. 13
L'ap detwi tout gwo pye sèd ki byen wo nan peyi Liban
an, tout gwo pye bwadchenn ki byen wo nan peyi Bazan
an. 14 L'ap kraze tèt gwo mòn kou ti mòn. L'ap fè yo tout
vin menm wotè. 15 L'ap kraze tout fò yo ak tout miray
ranpa yo. 16 L'ap koule tout gwo batiman peyi Tasis yo,
y'ap fè fon ak tout bèl bagay yo. 17 P'ap gen moun k'ap
gonfle lestonmak yo sou moun ankò! P'ap gen moun k'ap
fè awogan ankò sou moun! Lè jou sa a va rive, Seyè a va
sèl chèf. 18 Tout zidòl pral disparèt nèt ale. 19 Yo pral
kache kò yo nan twou wòch. Yo pral fouye twou anba tè
pou yo chape anba kòlè Bondye. Sezisman va pran yo lè
y'a wè Seyè a. Y'a kouri al kache lè pouvwa li ap parèt
aklè, lè Seyè a va leve pou l' fè tè a tranble. 20 Jou sa a,
moun va pran tout zidòl yo te fè an ajan ak an lò pou fè
sèvis pou yo, y'a voye yo jete bay rat ak chovsourit. 21 Lè
Seyè a va vini pou l' fè tè a tranble, yo pral kache kò yo
nan twou wòch, yo pral fouye twou anba tè. Sezisman va
pran yo lè y'a wè Seyè a. Y'a kouri al kache lè pouvwa li
ap parèt aklè. 22 Pa mete konfyans nou nan moun parèy
nou! Talè yo pa pèdi souf yo, yo pa mouri! Lè sa a, kisa
yo ka fè pou nou ankò?

3 Wi. Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a, pral koupe
viv tout moun nan lavil Jerizalèm ak nan peyi Jida.
P'ap gen pen, p'ap gen dlo. 2 P'ap gen vanyan gason
ankò ni sòlda. P'ap gen jij ankò ni pwofèt. P'ap gen divinò
ankò ni grandèt. 3 P'ap gen kaptenn, p'ap gen majistra ni
moun ki pou bay konsèy. P'ap gen moun ki konn fè maji,
ni moun ki konn moute batri. 4 M'ap pran jenn timoun
san esperyans m'a mete chèf pou gouvènen yo. 5 Tout
moun pral chache pwofite yonn sou lòt, zanmi sou zanmi,
vwazen sou vwazen. Jennmoun p'ap respekte granmoun.
Vakabon ap pase moun debyen nan betiz. 6 Yon lè menm,
tout yon branch fanmi va chwazi yonn nan mitan yo. Y'a
di l' konsa: Ou menm ki gen rad pou ou mete sou ou,
n'ap mete ou chèf pou ou ka dirije nou nan move pa n'ap
pase koulye a. 7 Men, moun yo chwazi a va reponn: Non.
Mwen pa dòktè, mwen pa ka fè anyen pou nou! Ni tou,
mwen pa gen manje, m' pa gen rad lakay mwen. Pa mete
m' chèf sou pèp la. 8 Wi, lavil Jerizalèm bannann! Peyi
Jida a nan tou sa ki pa bon! Paske tou sa yo di, tou sa
yo fè pa dakò ak sa Seyè a vle. Devan tout moun y'ap
kenbe tèt ak Bondye ki gen tout pouvwa a. 9 Depi ou
gade yo, ou wè ki moun yo ye. Tankou moun lavil Sodòm
yo, yo fè peche yo aklè pou tout moun wè. Se poutèt sa
malè ap tonbe sou yo. Se yo menm menm k'ap rale l'
sou tèt yo. 10 Se pou nou di: Ala bèl bagay pou moun ki
mache dwat yo! Zafè yo mache byen tou. Y'a jwi pwofi
travay yo. 11 Men, pòv mechan yo, malè ap tonbe sou
yo. Y'a fè yo peye pou sa yo fè a. 12 Sa fè m' lapenn
pou pèp mwen an! Se yon timoun k'ap prije yo, se fanm
k'ap kòmande yo. Sa fè m' lapenn anpil wi pou nou, pèp
mwen an! Chèf yo fè nou pèdi chemen nou. Yo mele nou.
Nou pa konn ki wout pou nou pran. 13 Seyè a kanpe
pou l' denonse sa yo fè a. Li pare pou l' jije pèp li a. 14
Seyè a rele chèf fanmi yo ak lòt chèf pèp li a nan tribinal.
L'ap denonse yo. Li di konsa: Se nou menm ki fin piye
jaden rezen yo. N'ap vòlò pòv malere yo pou nou plen kay
nou. 15 Nou pa gen dwa kraze pèp mwen an konsa. Nou
pa gen dwa pwofite konsa sou pòv yo. Se mwen menm,
Seyè ki gen tout pouvwa a, ki pale. 16 Seyè a di: Gade
jan medam lavil Jerizalèm yo ye non! Y'ap mache tankou
yo pa kanmarad pesonn. Yo kage tèt yo dèyè, y'ap fè
mesye yo je dou. Y'ap mache banda pou braslè nan pye
yo ka sonnen. 17 Men, mwen menm Bondye, m'ap pini
yo. M'ap kale tèt yo tou blanch, m'ap kite yo san cheve.
18 Jou sa a, Bondye va wete tout bijou yo gen sou yo:
braslè yo mete nan pye yo, bando yo mare nan tèt yo,
meday yo mare sou fwon yo, 19 zanno, braslè yo mete
nan bra yo, ak vwal yo mete sou tèt yo, 20 mouchwa yo
mare tèt yo, ti chenn yo mete nan pye yo, bèl senti yo,
poban odè yo, bwòch yo, 21 bag yo, zanno pou nen yo,
22 bèl rad swa yo, foula yo, chal yo, bous yo, 23 glas yo,
rad twal fin yo, madras yo ak vwal dantèl yo mete sou tèt
yo. 24 Yo p'ap sèvi ak odè ankò, y'ap santi move. Yo p'ap
sèvi ak bèl senti ankò. Y'a mare ren yo ak kòd. Yo p'ap
gen cheve pou yo fè bèl kwafi, tèt yo va kale tou blanch.
Yo p'ap gen bèl rad pou mete sou yo, y'a vlope kò yo nan
sak. Yo p'ap fè figi yo bèl ankò. Y'ap tanpe yo nan figi
ak fè wouj tankou esklav. 25 Tout mesye yo pral mouri
nan lagè. Tout sòlda yo pral mouri nan batay. 26 Moun
pral plenn nan pòtay lavil yo, y'ap nan lapenn. Lavil la ap
tankou yon fanm ki chita atè, san rad sou li.

4 Jou sa a, sèt fanm pral kouri dèyè yon sèl gason, y'a
di l': -Nou ka bay tèt nou manje. Nou ka biye tèt nou.
Men, tanpri, kite nou di se mari nou ou ye pou nou pa
wont devan moun! 2 Jou sa a, Seyè a va fè tout plant nan
peyi a boujonnen ankò. Y'a grandi byen bèl, byen gwo.
Tout moun nan pèp Izrayèl la ki pa t' mouri va kontan
bèl rekòt tè a va bay. Sa va fè yo leve tèt yo. 3 Lè sa a,

moun ki rete nan sa ki te sou mòn Siyon an, moun ki va
chape anba lanmò pami sa ki te lavil Jerizalèm lan, y'a
rele yo: moun Bondye mete apa pou li. Bondye va kite
yo viv lavil Jerizalèm. 4 Lè Bondye va lave malpwòpte
medam yo t'ap fè nan lavil la, lè l'a lave tout san ki te
koule nan lavil Jerizalèm, Bondye pral rann jijman, li pral
pini lavil la. 5 Lajounen, Seyè a va voye yon gwo nwaj vin
poze sou tout mòn Siyon an ak sou tout moun ki sanble la
a. Lannwit, se va lafimen ak yon gwo flanm dife la voye.
Pouvwa Bondye a pral kouvri yo, l'ap pwoteje tout lavil la.
6 Lajounen, l'ap kouvri lavil la pou chalè solèy pa bat li.
L'ap pwoteje l' pou loray ak lapli pa fè l' anyen.

5 Mwen pral chante yon chante pou nou, yon chante
sou zanmi m' ak jaden rezen l' lan. Zanmi m' lan te
gen yon jaden rezen, sou tèt yon ti mòn ki te gen yon bon
venn tè. 2 Li bat tout tè a, li wete tout wòch ladan l'. Li
plante pi bon kalite pye rezen ladan l'. Apre sa, li bati yon
ti kay tou won nan mitan jaden an pou veye l'. Li fè yon
basen pou kraze rezen yo. Li te kwè jaden an tapral ba li
bon rezen. Men, se vye rezen si ase li bay. 3 Lè sa a,
zanmi mwen an di: -Nou menm moun lavil Jerizalèm ak
moun peyi Jida yo, nou pral di m' kilès nan nou de a,
jaden rezen an ak mwen menm, ki antò. 4 Kisa pou m' te
fè pou jaden rezen an mwen pa t' fè? Mwen t'ap tann li
ban m' bon jan rezen. Poukisa se bann vye rezen si sa yo
li donnen? 5 Enben! M'ap fè nou konnen sa mapral fè
jaden rezen mwen an. Mwen pral kraze tout lantiray li a
pou bèt antre vin manje l', pou yo kraze l' anba pye yo.
6 M'ap fè l' tounen yon jaden yo piye. Yo p'ap netwaye
branch li yo, yo p'ap sekle l' ankò. Zèb pikan ak raje ap fin
anvayi l'. Mwen p'ap kite lapli tonbe sou li. 7 Pèp Izrayèl
la, se li ki jaden rezen Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa
a. Moun peyi Jida yo, se yo ki bon plan li te plante a. Li
t'ap tann yo mache dwat: Yo lage kò yo nan fè lenjistis. Li
t'ap tann yo fè sa ki dwat devan je l', men, nan tout peyi a,
se rèl malere ase ou tande. 8 Madichon pou moun k'ap
bati kay sou kay, pou moun k'ap achte tè pou mete sou sa
yo genyen deja! Talè konsa, p'ap gen plas pou lòt moun
nan peyi a. Yo vle se yo menm ase ki pou rete nan peyi a.
9 Men sèman mwen tande Seyè a, Bondye ki gen tout
pouvwa a, fè: Tout kay sa yo gen pou yo tounen mazi. Yo
te mèt bèl kou yo bèl, yo te mèt gwo kou yo gwo, p'ap
gen moun pou rete ladan yo. 10 Jaden rezen ki sou dis
kawo tè ap bay yon sèl barik diven. Pou chak dis mamit
grenn yo plante, y'a rekòlte yon sèl mamit. 11 Madichon
pou moun k'ap leve granmaten pou yo ale chache gwòg
pou yo bwè, pou moun k'ap rete byen ta lannwit pou bwè
diven jouk yo sou! 12 Lè y'ap fè fèt, se pou gen gita ak
bandjo, tanbou ak fif ak barik plen diven. Men, yo pa
chache konprann sa Seyè a ap fè, yo pa wè travay l'ap fè
a. 13 Pèp la pa konn anyen menm. Se poutèt sa y'ap
fè yo prizonye, y'ap depòte yo. Grannèg yo pral mouri
grangou. Pèp la menm ap mouri swaf dlo. 14 Peyi kote
mò yo ye a ap tann yo konsa. L'ap louvri pòtay li yo byen
gran pou l' resevwa yo. Se la tout grannèg yo pral desann
ansanm ak pèp la k'ap fè bri ak kè kontan. **(Sheol h7585)**
15 Yo pral trennen tout moun nan labou. Yo pral fè yo
wont. Tout moun ki t'ap gonfle lestonmak yo pral bese je
yo atè. 16 Men, Seyè a pral moutre jan li gen pouvwa lè
l'a fè sa li gen pou l' fè a. Li pral fè wè jan li se Bondye
tout bon ki apa a lè l'a jije pèp li a. 17 Toupatou, nan lavil
yo, mouton yo ap mache manje zèb tankou nan savann.
P'ap gen pak ankò pou angrese bèt. Tout bèt ap lage.
Y'ap mache manje toupatou nan lavil la. 18 Madichon
pou nou! Nou sitèlman renmen mechanste n'ap fè a, n'ap
trennen l' dèyè nou kote nou pase. Peche nou yo te mèt
gwo, n'ap rale yo dèyè nou tankou bèt k'ap rale kabwèt!
19 Y'ap plede di: Se pou Bondye fè vit! Se pou li prese fè
sa l'ap fè a pou nou ka wè l'. Se pou Bondye pèp Izrayèl
la ki yon Bondye apa prese fè travay li vle fè a, pou nou
ka wè sa li gen nan tèt li. 20 Madichon pou moun ki vle fè
byen pase pou mal, mal pase pou byen, pou moun k'ap di
fènwa se limyè, limyè se fènwa, pou moun k'ap di bagay
anmè dous, bagay dous anmè! 21 Madichon pou moun ki
konprann yo gen konesans, pou moun ki mete nan tèt
yo yo gen lespri! 22 Madichon pou nou! Lè se boutèy
diven pou nou desann, nou pa manke kouraj! Lè se gwòg
pike pou nou konpoze, nou pa manke vanyan gason! 23
Men, nou lage moun ki koupab yo pou lajan. Nou pa kite
moun k'ap mache dwat yo jwenn jistis. 24 Se sa ki fè y'ap
disparèt nou sou tè a tankou pay ak zèb chèch ki boule
nan dife. Rasin yo ap pouri anba tè. Van ap pran flè yo,
l'ap bwote yo ale tankou pousyè, paske yo pa t' koute lòd
Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a, te ba yo. Yo te
meprize kòmandman Bondye pèp Izrayèl la te bay. 25 Se
sa ki fè tou, Seyè a te fache anpil sou pèp li a. Li te leve
men l' sou yo, li frape yo. Lè sa a, mòn yo tranble. Kadav
moun mouri yo ap trennen nan mitan lari tankou fatra.
Men, se poko sa toujou! Se atò Seyè a move. Li poko fin
ak yo. 26 Seyè a leve drapo l' pou l' bay siyal la. L'ap
rele yon pèp ki byen lwen. L'ap soufle byen fò, l'ap rele
moun soti jouk lòt bò nèt, nan dènye bout latè. Gade! Y'ap
vole konsa, y'ap kouri vini! 27 Pa gen yonn ladan yo ki
bouke! Pa gen yonn ladan yo ki fè bitay! Yo pa konn sa ki
rele kabicha, ale wè dòmi! Ren yo toujou mare. Sapat yo
toujou mare byen sere nan pye yo. 28 Pwent flèch yo
taye byen fen. Banza yo tou pare pou tire. Pye chwal yo
di kou wòch. Kabwèt yo woule vit tankou van siklòn. 29
Sòlda yo gwonde tankou fenmèl lyon. Yo rele tankou yon
bann ti lyon. Yo gwonde, yo tonbe sou bèt yo pran an, yo
pote l' ale. Pa gen moun ki pou rache l' soti nan bouch yo!
30 Jou sa a, y'ap gwonde sou pèp Izrayèl la. Y'ap fè bri
tankou lanmè lè li move. Voye je, gade peyi a! Se renk
fènwa ak tray pou tout moun. Nwaj nwa bouche toupatou
nan syèl la!

6 Lanne wa Ozyas mouri a, mwen wè Seyè a. Li te chita
sou yon gwo fotèy byen wo. Ke rad li te plen tout tanp
lan. 2 Yon bann bèt vivan te kanpe fè wonn li. Yo te klere
kou flanm dife. Yo chak te gen sis zèl, de zèl pou kouvri
figi yo, de zèl pou kouvri pye yo, de zèl pou yo vole. 3

Yo t'ap pale yonn ak lòt byen fò. Yo t'ap di: -Seyè ki gen
tout pouvwa a, li apa! Wi, li apa! Se yon Bondye ki apa
vre! Pouvwa li kouvri tout latè. 4 Tout poto kay Bondye a
tranble lè bèt vivan yo t'ap rele konsa a. Lafimen te plen
tout anndan tanp lan. 5 Mwen di: -Nanpwen sove pou
mwen! Jòdi a m'ap mouri vre! Paske tout pawòl ki soti nan
bouch mwen se move pawòl. Epi m'ap viv nan mitan yon
pèp ki pa janm gen bon pawòl nan bouch li. Lèfini, mwen
wè Wa a, Seyè ki gen tout pouvwa a, avèk pwòp je m'. 6
Yonn nan bèt vivan yo pran yon chabon dife tou limen ak
yon pensèt sou lotèl la, li vole vin bò kote m' avèk chabon
dife a nan men li. 7 Li kole l' sou bouch mwen, epi li di m'
konsa! -Sa a kole sou po bouch ou. Koulye a, ou pa gen
peche ankò. Bondye padonnen tou sa ou fè ki mal. 8
Apre sa, mwen tande Seyè a ki t'ap di: -Kilès mwen ta
voye la a? Kilès ki ta asepte ale pou nou? Mwen di: -Men
mwen. Voye m'! 9 Epi lè sa a, li di m': -Ale non. Men sa
pou ou di pèp la: Louvri zòrèy nou jan nou vle, men nou
p'ap konprann anyen! Louvri je nou jan nou vle, men nou
p'ap wè sa k'ap rive! 10 Fè lespri pèp la vin lou! Bouche
zòrèy yo! Mare je yo! Konsa, yo p'ap ka tande, yo p'ap ka
wè, yo p'ap ka konprann. Yo p'ap ka tounen vin jwenn
mwen pou m' geri yo. 11 Lè sa a, mwen di: -Seyè! Kilè sa
va sispann? Li reponn mwen: -Lè y'a fin kraze lavil yo. Lè
p'ap gen moun ankò ki rete ladan yo. Lè tout kay yo va
vid, lè jaden yo va tounen savann. 12 Mwen menm, Seyè
a, m'a mete tout moun deyò nan peyi a. Tout peyi a pral
rete san moun ladan l'. 13 Menm si rete yon sèl moun sou
chak dis moun nan peyi a, y'ap toujou disparèt yo. Se va
tankou lè yo koupe pye kajou ak pye bwadchenn. Chouk
la ase ki va rete. Chouk sa a va pouse ankò, pèp Bondye
a va kanpe ankò.

7 Lè sa a, se wa Akaz, pitit gason Jotam, pitit pitit gason
Ozyas, ki t'ap gouvènen nan peyi Jida. Rezen, wa peyi
Siri, ak Pekak, pitit Remalya, wa peyi Izrayèl, moute al
atake lavil Jerizalèm. Men, yo pa t' ka pran l'. 2 Yo pote
nouvèl la bay wa peyi Jida a ansanm ak tout fanmi l'.
Yo di l': -Lame peyi Siri a gen tan anvayi peyi Efrayim.
Wa Akaz ansanm ak tout pèp la te sitèlman pè yo t'ap
tranble tankou fèy bwa lè van ap soufle. 3 Seyè a di
Ezayi konsa: -Pran Chea-Jachoub, pitit gason ou lan, avè
ou. Al kontre wa Akaz. W'a jwenn li sou wout ap moute
bò kote yo konn lave twal ki fèk tenn yo, nan direksyon
kannal ki bay dlo nan rezèvwa anwo lavil la. 4 W'a di l'
pou l' fè atansyon pou l' pa pèdi tèt li. Li pa bezwen pè.
Li pa bezwen gen kè sote pou de ti bout bwa dife k'ap
fè lafimen, ki vle di pou wa Rezen, moun peyi Siri a, ak
pou wa Pekaz, pitit Remalya a, k'ap fè kòlè. 5 Moun peyi
Siri yo ansanm ak moun Efrayim yo ak pitit Remalya a
ap fè konplo sou do ou. 6 Yo di y'ap moute atake peyi
Jida a. Yo pral kraponnen moun yo, yo pral fè kèk moun
nan peyi a pran pozisyon pou yo pou yo ka mete men
sou peyi a. Apre sa, yo pral pran pitit gason Tableyèl la,
y'ap nonmen l' wa pou gouvènen peyi a. 7 Enben! Men
sa mwen menm, Seyè ki sèl mèt la, mwen di: Sa p'ap
mache! Sa p'ap pase konsa! 8 Poukisa? Lavil Damas se
kapital peyi Siri. Rezen se wa lavil Damas. Pou pèp peyi
Izrayèl la menm, m' pa ba l' swasannsenkan ankò, peyi yo
a ap fin kraze, yo p'ap yon nasyon ankò. 9 Lavil Samari
se kapital peyi Izrayèl la. Pekak, pitit gason Remalya a, se
wa lavil Samari. Si nou pa kenbe konfyans nou fèm nan
Bondye, nou menm tou nou p'ap chape. 10 Seyè a voye
yon lòt komisyon bay wa Akaz. Li di l' konsa: 11 -Mande
Seyè a, Bondye ou la, pou li ba ou yon siy. Se ka yon siy
ki soti anba tè kote mò yo ye a, se ka yon siy ki soti anwo
nan syèl la. **(Sheol h7585)** 12 Akaz reponn: -Mwen p'ap
mande Seyè a anyen. Mwen p'ap sonde l'. 13 Lè sa a,
Ezayi di konsa: -Koute non, moun fanmi David yo! Sa
pa kont nou toujou? Jan nou fè moun bouke ak nou pou
koulye a nou soti pou nou fè Bondye mwen an bouke ak
nou tou? 14 Enben! Se Seyè a menm ki pral ban nou yon
siy. Men li: Jenn tifi ki ansent lan pral fè yon pitit gason, l'a
rele l' Emannwèl (ki vle di: Bondye avèk nou). 15 Se lèt
ak siwo myèl ase l'a manje jouk l'a rive laj pou l' konnen
sa ki mal ak sa ki byen. 16 Men, anvan menm ti gason an
rive konnen sa ki byen ak sa ki mal, peyi de wa sa yo k'ap
fè ou pè a ap rete konsa san pyès moun ladan yo. 17
Seyè a pral fè yon malè sou ou, sou pèp la ak sou tout
fanmi David, granpapa ou la, yon malè ki pral pi mal pase
lè moun Efrayim yo te separe ak moun Jida yo. L'ap fè wa
peyi Lasiri a parèt sou nou. 18 Lè sa a, Seyè a pral soufle
pou moun peyi Lejip yo soti tankou mouch byen lwen, bò
dlo larivyè Nil la. L'ap rele moun peyi Lasiri yo pou yo soti
tankou lesen myèl lakay yo. 19 Yo pral vin plen falèz yo
ak tout twou wòch yo. Yo pral toupatou nan tout raje, nan
tout jaden zèb. 20 Jou sa a, Seyè a ap fè wa peyi Lasiri a
soti lòt bò larivyè Lefrat. Li va tankou yon razwa. L'ap vini,
l'ap koupe tout bab ou, tout cheve nan tèt ou ak tout plim
sou kò ou. 21 Jou sa a, chak moun va gen yon gazèl bèf
ak de mouton pou yo chak. 22 Lè sa a, bèt yo va bay lèt
an kantite, tout moun va bwè lèt plen vant yo. Wi, moun ki
va chape anba lanmò nan peyi a va bwè lèt ak siwo myèl
ase. 23 Jou sa a, kote ki te gen mil (1.000) pye rezen, epi
ki te vo mil (1.000) pyès an ajan va plen pikan ak raje. 24
Si yon moun pa gen zam nan men l', li p'ap ka pase la.
Wi, pikan ak raje pral kouvri tout peyi a. 25 Nan tout mòn
kote yo te konn travay ak wou pou plante, pesonn p'ap ka
ale la ankò poutèt pikan ak raje. Se bèf y'a lage la, se la
mouton yo pral manje.

8 Seyè a pale avè m', li di m' konsa: -Pran yon gwo wòch
plat ak yon sizo mason. Ekri pawòl sa yo sou li an gwo
lèt: Prese piye, prese devalize. 2 Lèfini, mwen pran de
moun serye, Ouri, yon prèt, ak Zakari, pitit Jeberekiya
a, pou yo sèvi m' temwen. 3 Apre sa, m' al kouche ak
madanm mwen. Li vin ansent, li fè yon pitit gason. Seyè
a di m' konsa: -W'a rele l': Prese piye, prese devalize.
4 Paske, anvan pitit la ka pale pou l' di papa manman,
moun peyi Lasiri yo va gen tan pran tout richès moun lavil
Damas yo ak tou sa moun Samari yo pran nan piyay, y'a
pote yo ale bay wa pa yo a. 5 Seyè a pale avè m' ankò, li

di m' konsa: 6 -Paske pèp la meprize dlo larivyè Siloe
a k'ap koule tou dousman, paske yo tranble devan wa
Rezen ak wa Pekak, pitit Remalya a, 7 mwen menm,
Seyè a, m'ap fè wa peyi Lasiri a vin atake yo ak tout
fòs li. L'ap vini tankou dlo gwo larivyè Lefrat la lè l'ap
desann. L'ap gonfle, l'ap debòde sou tout rivaj li yo. 8 L'ap
anvayi tout peyi Jida a, l'ap rive ra kou, l'ap kouvri tout
peyi a. Bondye avèk nou! L'ap pwoteje peyi a anba zèl
li! 9 Nou menm, moun tout nasyon yo, manyè konn sa!
Nou mèt tranble! Nou menm ki rete nan peyi byen lwen,
louvri zòrèy nou! Pare pou nou goumen! Men, konnen nou
anba kou! Wi, mwen di nou pare pou nou goumen. Men,
konnen nou anba kou! 10 Nou mèt fè plan nou. Men,
sa p'ap mache! Nou mèt pale jan nou vle. Men, sa p'ap
sèvi nou anyen, paske nou menm patizan Bondye yo, se
Bondye ki avèk nou! 11 Wi, Seyè a lonje men l', li pran m'.
Li tou pale m' pou m' pa swiv chemen pèp la t'ap swiv la.
Li di m' konsa: 12 Pa rele konplo sa pèp la rele konplo.
Ou pa bezwen pè sa pèp la pè a. Wi, ou pa bezwen gen
kè sote. 13 Chonje, se mwen menm, Seyè ki gen tout
pouvwa a, pou nou konsidere tankou Bondye apa a! Se
mwen menm pou nou pè. Se pou mwen nou dwe gen
krentif. 14 Paske se mwen menm ki yon Bondye apa.
M'ap tounen yon wòch k'ap fè nou bite, yon wòch k'ap fè
moun peyi Izrayèl yo ak moun peyi Jida yo tonbe! M'ap
tounen yon move pa, yon pèlen pou moun lavil Jerizalèm
yo. 15 Anpil moun pral bite, y'ap tonbe, y'ap kase ren
yo. Y'ap tonbe nan pèlen an, y'ap pran ladan l'. 16 Se
pou patizan m' yo kenbe pawòl Bondye di m' lan. Se pou
yo kenbe lòd Bondye yo nan kè yo! 17 Seyè a vire do l'
bay moun fanmi Jakòb yo. Men, mwen menm m'ap konte
sou li, m'ap mete tout espwa m' nan li. 18 Men mwen
ansanm ak tout pitit Seyè a ban mwen yo! Seyè ki gen
tout pouvwa a, li menm ki rete sou mòn Siyon an, li fè nou
tounen yon siy nan mitan pèp la pou nou moutre sa ki
pral rive. 19 Si pèp la mande nou pou n' al kay divinò ak
moun k'ap rele mò, yon bann moun k'ap pale chwichwi
pou moun pa ka konprann, si yo di nou: Eske moun pa
gen dwa mande bondye yo sa pou yo fè? Eske yo pa gen
dwa al rele mò yo pou vivan yo? 20 W'a reponn yo: Koute
pawòl Seyè a, koute sa li te moutre nou an! Si nou koute
moun k'ap di nou fè lòt bagay, n'ap toujou rete nan fènwa.
21 Moun pral pwonmennen mache nan tout peyi a, y'ap
dekouraje, y'ap grangou. Grangou pral fè yo move, y'a
rive rele madichon pou wa yo a ansanm ak Bondye yo a.
Y'a leve je yo gade nan syèl, 22 y'a bese je yo gade atè.
Toupatou se va renk kè sere ak fènwa, yon fènwa k'ap fè
kè tout moun kase. Y'ap pèdi nan gwo fènwa. Tout moun
nan peyi a te mèt gen kè kase, rive yon lè sa gen pou
chanje, fènwa a p'ap toujou rete la.

9 Te gen yon lè, peyi fanmi Zabilon yo ak peyi fanmi
Neftali yo t'ap drive nan labou. Men pita, va rive yon lè
tout rejyon an, pran depi lanmè Meditèrane rive bò larivyè
Jouden, moute peyi Galile kote moun lòt nasyon yo rete
a, tout rejyon an va kanpe ankò. 2 Pèp ki t'ap mache nan
fènwa a wè yon gwo limyè. Yo te rete nan yon peyi kouvri
ak fènwa. Men, koulye a yon limyè vin klere yo! 3 Ou fè
yo vin anpil, Seyè! Ou ba yo gwo kè kontan. Yo te kontan
wè sa ou fè pou yo, tankou moun k'ap fè fèt lè sezon
rekòt, tankou moun k'ap fè gwo fèt lè y'ap separe sa yo
pran nan lagè. 4 Paske ou kraze bout bwa ki te mare
dèyè kou yo a, baton ki t'ap peze zepòl yo a! Wi, Seyè!
Ou kraze bout fè nan men moun ki t'ap fè yo pase tray la,
tankou jou lè ou te kraze moun Madyan yo! 5 Tout soulye
sòlda ki t'ap plede fè bri yo, tout rad sòlda ki te plen san
yo, yo pral boule sa nan dife. 6 Nou gen yon ti pitit ki fenk
fèt. Bondye ban nou yon gason. Se li menm ki pral chèf
nou. Y'a rele l': Bon konseye k'ap fè bèl bagay la, Bondye
ki gen tout pouvwa a, Papa ki la pou tout tan an, Wa k'ap
bay kè poze a! 7 Gouvènman li p'ap gen finisman. Nan
peyi l'ap gouvènen an se va kè poze san rete. L'ap chita
sou fotèy wa David la. L'ap gouvènen peyi wa David la.
L'ap fè gouvènman an byen chita, l'ap ba li bon pye paske
l'ap fè sa ki dwat. Li p'ap nan patipri, depi koulye a jouk sa
kaba. Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki soti pou fè tou sa
rive vre! 8 Seyè a fè konnen desizyon l' sou peyi Izrayèl
la ak sou moun fanmi Jakòb yo. 9 Tout pèp Izrayèl la, tout
moun ki rete lavil Samari yo va konn sa l' te di a. Men, yo
sitèlman gen lògèy, yo sitèlman awogan, y'ap di: 10 Kay
brik yo kraze, n'a bati lòt ak wòch taye. Yo koupe poto
sikomò yo jete, n'a fè lòt ak bwa sèd mete nan plas yo. 11
Seyè a fè lènmi pèp Izrayèl la leve dèyè l'. L'ap fè chèf
lame wa Rezen lan atake l'. 12 Peyi Lasiri sou bò solèy
leve, peyi Filisti sou bò solèy kouche, y'ap devore pèp
Izrayèl la ak gwo koutdan. Men, se poko sa toujou! Se atò
Seyè a move. Li poko fin regle ak yo. 13 Pèp Izrayèl la pa
chanje. Yo pa tounen vin jwenn moun ki t'ap pini yo a,
Seyè ki gen tout pouvwa a. 14 Yon sèl jou a, Seyè a ap
koupe ni tèt pèp Izrayèl la ni ke l'. L'ap pini tout chèf pèp
la, gwo kou piti. 15 Chèf fanmi yo ak notab yo, se yo ki tèt
pèp la. Ke a menm, se pwofèt yo, papa mantò! 16 Moun
k'ap dirije pèp la fè l' pèdi chemen l'. Pèp la lage kò l' nan
bwa. 17 Se poutèt sa, Seyè a p'ap pran priyè nan men
jenn gason yo. L'ap san pitye pou timoun ki san papa
yo ak fanm ki pèdi mari yo, paske se tout pèp la nèt ki
pa gen respè pou Bondye, yo tout ap fè mechanste. Se
renk move pawòl ase ki nan bouch yo. Men se poko sa
toujou! Se atò Seyè a move. Li poko fin regle ak yo. 18
Mechanste kaye nan mitan pèp la, tankou dife nan pikan
ak nan raje. Dife a pran nan rakbwa yo, yo tounen lafimen
k'ap moute nan syèl la. 19 Seyè ki gen tout pouvwa a te
sitèlman move, li fini ak peyi a. Se tankou yon dife k'ap
boule tout moun nan peyi a. Pesonn pa ka sove pesonn.
20 Yo vire adwat, yo pran sa yo jwenn, yo grangou toujou.
Yo vire agoch, yo devore sa yo jwenn, se atò yo grangou.
Yo menm rive manje pwòp pitit yo! 21 Moun Manase yo
ak moun Efrayim yo, yonn ap devore lòt. Lèfini, yo mete
tèt ansanm pou atake moun Jida yo. Men, se poko sa
toujou! Se atò Seyè a move. Li poko fin regle ak yo!

10 Madichon pou chèf k'ap bay move lòd pou kache
lenjistis y'ap fè, k'ap ekri move lwa pou peze pèp
la! **2** Se konsa, yo enpoze pòv malere yo defann dwa
yo. Yo fè jijman ki pou ta nan avantaj pèp la tounen nan
avantaj pa yo. Y'ap piye fanm ki pèdi mari yo, y'ap vòlò
byen timoun ki san papa yo! **3** Kisa n'a fè lè Bondye va fè
malè soti byen lwen vin tonbe sou nou? Kay ki moun n'a
kouri al chache sekou ak pwoteksyon? Ki kote n' aval
kache tout richès nou yo? **4** Adye! Y'ap fè nou prizonye.
Y'ap depòte nou, si nou pa gen tan mouri nan lagè. Men,
se poko sa toujou. Se atò Seyè a move. Li poko fin regle
ak yo! **5** Seyè a di: -Madichon pou peyi Lasiri a! Paske,
l'ap tankou yon baton nan men m' pou m' pini pèp la.
M'ap sèvi avèk pouvwa ki nan men l' lan pou m' fè pèp la
wè jan m' ankòlè. **6** Mwen te voye l' kouri al atake yon
nasyon ki derespekte m'. Mwen te ba li manda pou l' regle
yon pèp ki te fè m' fache anpil, pou l' pase men pran tou
sa yo genyen, pou l' piye yo, pou l' pilonnen yo anba pye
l' tankou pousyè nan lari. **7** Men, wa peyi Lasiri a pa t'
wè bagay la konsa. Se pa konsa li te konprann li. Paske
lide li te met nan tèt li se kraze brize, se disparèt anpil
anpil nasyon. **8** Li t'ap plede di: Tout chèf lame mwen
yo se wa yo ye nan lòt peyi! **9** Mwen pran lavil Kalno
menm jan mwen te pran lavil Kakemich. Mwen pran lavil
Amat menm jan mwen te pran lavil Apad. Mwen pran lavil
Samari menm jan mwen te pran lavil Damas. **10** Menm
jan mwen te leve men m' pou m' te pini peyi k'ap sèvi
zidòl yo, peyi ki te gen plis estati zidòl pase lavil Jerizalèm
ak lavil Samari, **11** menm jan nou wè mwen te aji ak
Samari ak zidòl li yo, se konsa m'ap aji ak lavil Jerizalèm
ak pòtre l'ap adore yo. **12** Men sa Seyè a di: Lè m'a fin fè
sa m'ap fè a sou mòn Siyon ak nan lavil Jerizalèm, m'ap
pini wa peyi Lasiri a pou pretansyon li mete nan tèt li,
pou awogans li genyen lè l'ap gade moun. **13** Paske l'ap
mache di: Se ak fòs ponyèt mwen mwen fè tou sa! Mwen
gen bon konprann, mwen gen anpil lespri. Mwen wete
bòn ki te make fwontyè pèp yo. Mwen devalize tou sa yo
te sere. Tankou gwo towo bèf, mwen kraze tout moun ki
t'ap viv la yo anba pye m'. **14** Nasyon latè yo te tankou
nich zwezo pou mwen: mwen annik lonje men m', mwen
pran tout richès yo. Mwen mache toupatou sou latè ap
ranmase, tankou moun ranmase ze k'ap drive nan nich
san gadò. Pa t' gen yonn ki bat zèl li pou fè m' pè. Pa t'
gen yon bouch ki louvri pou di m' anyen, ni pou plenyen.
15 Men sa Seyè a di ankò: Eske yon rach ka pretann
travay li fè a se li ki fè l'? Se pa moun k'ap sèvi avè l' la ki
fè l'? Eske yon goyin ka mache di sa l' fè a se li ki fè l'?
Moun k'ap sèvi avè l' la pou anyen nan sa l'ap fè a? Se
tankou si se fwèt la k'ap kòmande moun ki kenbe l' nan
men l' lan, tankou si se baton an k'ap sèvi ak moun ki
genyen l' nan men l' lan. **16** Se poutèt sa, Seyè ki gen
tout pouvwa a pral voye yon sèl maladi deperi sou bann
moun gra sa yo, yon sèl chalè ki pral leve nan tout kò yo,
tankou yon gwo dife ki pran sou yo. **17** Bondye ki limyè
pèp Izrayèl la pral tounen yon dife. Bondye pèp Izrayèl
la ki yon Bondye apa pral tounen yon flanm dife. Nan
yon sèl jou l'ap boule tout pikan ak tout raje, fè yo tounen
sann. **18** Li pral detwi gwo rakbwa yo ak bèl jaden yo nèt.
Depi nan rasin yo jouk nan fèy yo, pyebwa yo ap cheche,
menm jan yon move maladi souse yon moun jouk li touye
l'. **19** P'ap rete anpil pyebwa nan rak li yo ankò. Nenpòt
timoun piti ka konte ti rès la. **20** Yon jou gen pou vini.
Lè sa a, ti rès moun pèp Izrayèl la, sa ki te chape anba
lanmò nan fanmi Jakòb la, p'ap konte ankò sou pèp ki te
twaka fini ak yo a. Y'a mete konfyans yo tout bon nan
Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa. **21** Se
yon ti ponyen moun ase, yon ti rès nan fanmi Jakòb la
k'ap tounen vin jwenn Bondye yo a ki gen pouvwa. **22**
Menm si moun pèp Izrayèl yo te anpil tankou grenn sab
bò lanmè, se yon ti ponyen ase k'ap tounen. Wè pa wè,
y'ap detwi pèp la. Se sa menm li merite. **23** Wi, Seyè ki
gen tout pouvwa a pral fè lènmi mache nan tout peyi a
pou yo devalize l' jan li te di l'ap fè l' la. **24** Se poutèt sa,
Seyè sèl Mèt ki gen tout pouvwa a di konsa: -Nou menm,
pèp mwen ki rete sou mòn Siyon an, nou pa bezwen pè
moun peyi Lasiri yo k'ap woule nou anba baton, k'ap leve
men yo pou yo frape nou menm jan moun peyi Lejip yo te
fè nou an. **25** Talè konsa, m'ap fin regle ak nou. Apre
sa, m'ap vire sou yo, m'ap disparèt yo. **26** Mwen menm,
Seyè ki gen tout pouvwa a, m'ap pran fwèt pou m' bat yo,
menm jan mwen te bat moun peyi Madyan yo bò gwo
wòch Orèb la. M'ap fè peyi Lasiri soufri menm jan mwen
te fè peyi Lejip soufri a. **27** Lè jou sa a va rive, m'a wete
chay sa a sou zepòl nou; m'a delivre nou anba moun peyi
Lasiri yo. Nou p'ap nan mizè ankò, n'ap gen tou sa n'a
bezwen. **28** Lènmi gen tan rive nan peyi Ajat! Men y'ap
travèse peyi Migwon! Yo kite tout zafè yo lavil Mikmas. **29**
Yo travèse pas la! Yo pase nwit lan lavil Geba! Moun lavil
Rama yo ap tranble. Moun lavil Gibeya yo, peyi wa Sayil
la, kouri mete deyò. **30** Nou menm moun lavil Gatim, pete
rele! Nou menm moun lavil Layich, mache sou piga nou!
Nou menm moun lavil Anatòt, nou nan ka! **31** Moun lavil
Madmena yo chape kò yo. Moun lavil Gebim yo al kache.
32 Jòdi a, lènmi an fè yon rete lavil Nòb. L'ap giyonnen
moun ki rete sou mòn Siyon yo. L'ap lonje dwèt sou lavil
Jerizalèm. **33** Seyè sèl Mèt ki gen tout pouvwa a pral
desann yo tankou branch bwa y'ap koupe mete atè. L'ap
koupe tèt tou sa ki wo yo. Tou sa ki byen kanpe yo, l'ap
lage yo atè. **34** L'ap koupe yo tankou lè y'ap mete rach
nan gwo pyebwa nan rak. Bèl pyebwa ki sou mòn Liban
yo pral kouche plat atè!

11 Menm jan yon ti plan pouse soti nan rasin yon
pyebwa yo koupe, yon ti kreyòl soti nan chouk li, se
konsa tou yon wa pral soti nan ras David la. **2** Lespri
Bondye a pral desann sou li. L'ap ba li bon konprann ak
lespri. L'ap ba li konesans ak ladrès pou l' dirije. L'ap fè l'
konn Seyè a, l'ap fè l' gen krentif pou li. **3** L'a pran plezi l'
pou l' obeyi Seyè a nan tout bagay. Li p'ap gade sou figi
moun pou l' jije yo. Li p'ap rete sou sa yo vin di l' pou l'
rann jijman. **4** L'ap rann jijman pou pòv yo san patipri.

L'ap defann dwa pòv malere nan peyi a san paspouki.
L'ap denonse sa moun ap fè nan peyi a, l'ap pini yo. L'ap
soufle ak bouch li sou mechan yo, l'ap disparèt yo. 5 L'a
gouvènen pèp la san patipri, l'a dirije pèp la jan sa dwe fèt!
6 Bèt nan bwa ak mouton va viv ansanm. Tig pral kouche
menm kote ak jenn kabrit. Jenn ti bèf ak jenn ti lyon pral
manje ansanm. Lèfini, se yon timoun ki pral okipe yo.
7 Manman bèf ak manman lous va manje ansanm nan
menm savann. Ti bèf ak ti lous va jwe ansanm. Lyon va
manje zèb tankou bèf. 8 Ti bebe nan tete va jwe devan
twou koulèv. Timoun fèk sevre va lonje men yo nan bouch
twou sèpan san anyen p'ap rive yo. 9 Pesonn p'ap fè
mechanste. Pesonn p'ap fè sa ki mal sou mòn ki apa pou
Bondye a, sou mòn Siyon an! Paske kè tout moun nan
peyi a pral plen konesans Bondye, menm jan fon lanmè a
plen dlo. 10 Yon jou gen pou vini. Lè sa a, ti kreyòl ki
va soti nan chouk fanmi Izayi a va kanpe tankou yon siy
pou tout nasyon yo. Moun va soti toupatou pou yo vin bò
kote l'. Y'a fè lwanj li nan lavil kote l' rete a. 11 Jou sa
a, Seyè a va fè wè fòs ponyèt li yon dezyèm fwa ankò.
L'a delivre ti rès pèp li a, ponyen moun ki rete nan sa
yo te depòte nan peyi Lasiri, nan peyi Lejip, ak nan tout
peyi sa yo: Patwòs, Letiopi, Elam, Babilòn ak Amat, nan
tout peyi lakòt yo ak nan tout zile yo. 12 Seyè a pral leve
yon drapo pou l' fè moun lòt nasyon yo wè li pral sanble
tout moun pèp Izrayèl yo te depòte yo. L'ap ranmase
tout moun pèp Jida ki te gaye toupatou sou latè yo. L'ap
mennen yo tounen nan peyi yo. 13 Moun peyi Efrayim yo
p'ap fè jalouzi ankò. Peyi Jida a p'ap kenbe moun nan kè
ankò. Moun peyi Efrayim yo p'ap anvye sò moun Jida yo.
Moun Jida yo p'ap lènmi ankò ak moun Izrayèl yo. 14
Y'ap mete ansanm, yo pral atake moun Filisti yo ki bò
solèy kouche, yo pral piye moun k'ap viv bò solèy leve yo.
Yo pral donminen sou peyi Edon ak sou peyi Moab. Moun
peyi Amon pral soumèt devan yo. 15 Seyè a pral voye
yon van cho ki pral cheche tout dlo gwo larivyè Lejip la. Li
pral cheche dlo larivyè Lefrat la. L'ap fè l' tounen sèt ti
kannal dlo, konsa tout moun ka janbe l' ak tout sapat nan
pye yo. 16 L'ap louvri yon gran chemen soti peyi Lasiri
pou rès pèp li a k'ap viv laba a, menm jan li te fè l' pou
pèp Izrayèl la jou yo t'ap soti kite Lejip la.

12 Jou sa a, w'a pran chante: -M'ap fè lwanj ou, Seyè!
Ou te move sou mwen. Men koulye a, ou pa fache
ankò. W'ap ban m' kouraj. 2 Se Bondye ki delivre m'!
Mwen gen konfyans nan li. Kè m' pa kase ankò! Se Seyè
a ki tout fòs mwen. Se pou li m'ap chante. Se li menm ki
delivre m'! 3 Menm jan kè pèp la kontan lè y' apral pran
dlo nan sous, se konsa y'a kontan lè Bondye ap delivre
yo. 4 Jou sa a, n'a pran chante: Ann di Bondye mèsi! Ann
lapriyè nan pye l'! Fè tout nasyon yo konnen sa li fè. 5
Chante pou Seyè a, paske li fè gwo mèvèy. Fè tout moun
sou latè konn sa! 6 Nou menm ki rete sou mòn Siyon an,
rele, fè fèt! Bondye pèp Izrayèl la se yon Bondye apa, li
gen anpil pouvwa. Se nan mitan nou li rete.

13 Men mesaj Bondye te bay Ezayi, pitit Amòz la, sou
lavil Babilòn: 2 -Mete yon drapo kanpe sou tèt yon
mòn kote pa gen pyebwa menm! Rele byen fò pou sòlda
yo pare yo! Leve men ou anlè. Ba yo siyal pou y' al atake
pòtay lavil grannèg yo! 3 Se mwen menm, Seyè a, k'ap
bay sèvitè m' yo lòd! M'ap rele tout vanyan sòlda mwen
yo, tout moun pa m' yo ki gen kè kontan, k'ap mache tèt
anlè, pou yo pini moun k'ap fè m' fè kòlè yo. 4 Koute yon
gwo bri sou mòn yo! Se tankou bri yon gwo foul moun,
yon kantite nasyon ak moun tout peyi k'ap sanble. Se
Seyè ki gen tout pouvwa a k'ap fè enspeksyon lame li a
anvan y' al goumen. 5 Seyè a move, l'ap vini ansanm
ak sòlda ki pral fè sa li ba yo lòd fè a. Y'ap soti byen
lwen nan lòt peyi ki nan dènye bout latè pou yo vin ravaje
tout peyi a. 6 Nou mèt plenyen kont kò nou, paske jou
Seyè a pre rive! Bondye ki gen tout pouvwa a pral vini
pou l' devaste tè a. 7 Se poutèt sa, tout moun sou latè
pèdi kouraj, kè yo kase! 8 Y'ap rete konsa, yo pral gen
doulè ak lakranp nan tout kò yo. Yo pral tòde tankou fanm
ansent ki gen tranche. Yonn ap gade lòt san di krik, y'ap
rete ak je yo louvri byen gran tèlman y'a wont. 9 Jou Seyè
a ap rive. Seyè a ap san pitye, l'ap fè gwo kòlè, l'ap move
anpil. L'ap fè tè a tounen yon dezè, l'ap disparèt dènye
moun k'ap fè sa ki mal! 10 Tout grenn zetwal nan syèl
la, tout zetwal Oryon yo p'ap klere ankò. Solèy la ap tou
nwa lè li leve, lalin lan menm p'ap klere ankò. 11 Seyè a
di ankò: -Mwen pral fè dezolasyon tonbe sou tout latè
poutèt mechanste moun yo ap fè. Mwen pral pini tout
mechan yo poutèt fòfè y'ap fè yo. Mwen pral kraze lògèy
tout moun k'ap gonfle lestonmak yo. Mwen pral kraze
awogans tout mechan k'ap peze moun anba pye yo. 12
Moun k'ap chape yo ap pi ra pase bon lò, pase bon lò ki
soti nan peyi Ofi. 13 Se poutèt sa, jou mwen menm, Seyè
ki gen tout pouvwa a, m'a fè move san an, jou m'a fè gwo
kòlè mwen an, m'ap fè syèl la tranble, m'ap fè tè a kite
plas kote li ye a. 14 Lè sa a, moun lòt nasyon k'ap viv
nan peyi Babilòn lan va kouri al lakay yo nan peyi yo,
tankou gazèl bèf mawon k'ap kouri pou chasè, tankou
mouton san gadò ki gaye nan savann. 15 Y'ap touye tout
moun peyi a y'a kontre sou wout yo, y'ap kraze tout moun
peyi a y'a bare sou chemen yo. 16 Y'ap krabinen ti pitit
yo la devan je yo, y'ap piye kay yo, y'ap fè kadejak sou
madanm yo. 17 Seyè a di ankò: -Mwen pral voye moun
peyi Medi yo vin atake yo. Se yon bann moun lajan pa di
yo anyen, lò pa tante yo. 18 Avèk banza yo, yo pral touye
jenn gason. Y'ap san pitye pou timoun fenk fèt. Kè yo p'ap
fè yo mal pou timoun piti. 19 Lavil Babilòn, se yon bijou.
Se li ki pi bèl pase tout peyi. Moun peyi Kalde yo plen
lògèy, y'ap fè grandizè poutèt li. Men, mwen menm Seyè
a, m'ap kraze l' tankou mwen te kraze lavil Sodòm ak lavil
Gomò. 20 Moun p'ap janm al rete la ankò. L'ap rete san
moun pou tout tan. Moun peyi Arabi k'ap mache nan dezè
yo p'ap janm moute tant yo bò la, ni ankenn gadò mouton
p'ap janm mennen mouton yo vin manje bò la. 21 Se la
tout bèt nan bwa pral rete. Koukou pral fè nich nan tout

kay yo. Se la otrich pral fè kay yo. Se la kabrit mawon pral
danse kalenda. 22 Chen mawon pral wouke nan gwo kay
yo. Chat mawon pral pran plezi yo nan bèl palè yo. Lè a
prèt pou sonnen pou lavil Babilòn, jou l' prèt pou bout.

14 Wi, kè Seyè a pral fè l' mal pou fanmi Jakòb la.
L'ap chwazi pèp Izrayèl la ankò pou pèp pa li. L'ap
kite yo rete nan peyi ki pou yo a. Moun lòt nasyon va vin
jwenn yo, y'a rete viv ansanm ak moun fanmi Jakòb yo. 2
Anpil lòt nasyon va ede yo tounen nan peyi Bondye te
ba yo a. Moun pèp Izrayèl yo menm va pran yo ak yo
nan peyi Bondye te ba yo a. Y'a fè yo sèvi domestik ak
sèvant. Moun ki te fè pèp la prizonye, se yo ki pral tounen
prizonye pèp la. Pèp Izrayèl la pral donminen sou moun ki
t'ap peze yo anba pye yo. 3 Seyè a va fè nou jwenn repo
apre tout tray, tout tribilasyon ak tout mizè yo te fè nou
pase. 4 Lè sa a, n'a chante pou nou pase wa lavil Babilòn
lan nan betiz, n'a di: Gade ki jan moun ki t'ap maltrete nou
an disparèt! Gade ki jan yo desann kòlèt li non! 5 Seyè a
kase baton mechan yo. Li kase kokomakak chèf ki t'ap
maltrete nou an! 6 Lè yo move, yo te konn woule pèp la
anba kou. Lè yo ankòlè, yo te konn kraze pèp la anba pye
yo, yo pa t' ba yo souf. 7 Koulye a, tout moun sou latè ap
pran souf. Y'ap viv ak kè poze. Toupatou se chante, se kè
kontan. 8 Pye pichpen ak pye sèd peyi Liban yo kontan
sa ki rive wa a. Y'ap di: Depi li tonbe a, pesonn pa moute
vin mete rach nan dèyè nou ankò. 9 Peyi kote mò yo ye a
tèt anba pou resevwa ou. Nanm tout moun ki te gwo chèf
sou latè ap souke kò yo pou ou. Nanm tout wa yo ap leve
kanpe sot sou fotèy yo. (Sheol h7585) 10 Yo tout pran pale,
y'ap di: Gade! Yo desann ou jan ou te desann nou an. Ou
tounen tankou nou. 11 Jan yo te konn fè lwanj ou ak bèl
mizik dous sou gita! Koulye a, men ou nan peyi mò yo.
Ou kouche sou yon kabann plen vèmen. Vè kouvri tout kò
ou. (Sheol h7585) 12 Manyè di nou non, ou menm ki te
klere tankou zetwal bajou a, ki jan ou fè tonbe sot nan
syèl la? Ou menm ki te konn mache ap kraze nasyon
yo anba pye ou, ki jan yo fè jete ou plat atè konsa? 13
Ou t'ap di nan kè ou: M'ap moute rive jouk nan syèl la.
Mwen pral mete fotèy mwen pi wo pase zetwal Bondye
yo. Mwen pral chita tankou yon wa nan nò sou tèt mòn
Randevou a. 14 Mwen pral moute sou tèt nwaj yo. M'ap
tankou Bondye ki gen tout pouvwa a. 15 Men koulye a, yo
desann ou nan peyi kote mò yo ye a, jouk anba nan twou
san fon an! (Sheol h7585) 16 Mò ki wè ou yo ap fikse je yo
sou ou. Y'ap gade ou, y'ap di: Se pa moun ki te konn fè tè
a tranble a sa? Se pa li ki te konn fè chèf yo tranble a sa?
17 Se pa li ki te kraze tout lavil yo, ki te fè latè tounen yon
dezè a sa? Se pa li ki pa t' janm kite moun li fè prizonye
tounen lakay yo a sa? 18 Tout wa latè yo kouche nan bèl
kavo yo, yon kavo pou yo chak. 19 Men, ou menm, ou
pa menm gen yon tonm. Yo kite kadav ou ap trennen
tankou kadav chen nan granchemen. L'ap pouri nan mitan
kadav sòlda yo touye nan lagè, yo jete l' ansanm ak lòt
kadav yo nan yon twou wòch, yo pilonnen l' anba pye
yo. 20 Yo p'ap antere ou jan yo fè l' pou lòt wa yo, paske
ou te fini ak peyi ou la, ou te touye pèp ou a. Yo p'ap
janm chonje non fanmi lwijanboje sa yo! 21 Pare pou nou
masakre tout pitit wa yo poutèt mechanste papa yo te fè!
Pa kite yonn ladan yo chape pou yo pa janm vin chèf, pou
yo pa janm mache bati lavil toupatou sou latè ankò. 22
Bondye ki gen tout pouvwa a pale, li di konsa: -Mwen
pral leve dèyè yo. Mwen pral disparèt lavil Babilòn. Mwen
p'ap kite anyen, ni non l', ni moun li yo, tout ras yo, tout
pitit yo. Se mwen menm Seyè a ki di sa. 23 M'ap fè lavil
Babilòn tounen yon marekay. Se zagoudi ase k'ap rete
la. Mwen pral bale sa byen bale. M' p'ap kite anyen. Se
mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, ki pale. 24 Seyè
ki gen tout pouvwa a fè sèman, li di konsa: -Sa se sèten.
Sa m' te fè lide fè a, m'ap fè l'. Sa m' te deside fè a ap
rive vre. 25 M'ap kraze lame wa Lasiri a nan peyi mwen
an. M'ap pilonnen l' anba pye m' sou mòn mwen yo. M'ap
wete pye l' sou kou pèp mwen an, m'ap wete chay li te
mete sou zepòl yo a. 26 Men sa mwen fè lide fè pou latè.
Mwen pral leve men m' pou m' pini tout nasyon yo. 27
Depi Seyè ki gen tout pouvwa a fin pran yon desizyon, pa
gen moun ki ka enpoze l' fè sa li vle fè a. Li fin lonje men
l' pou l' pini, pa gen moun ki ka rete l'. 28 Lanne wa Akaz
te mouri a, men mesaj Bondye te bay lè sa a: 29 -Nou
menm, moun peyi Filisti yo, baton ki t'ap bat nou an kase.
Men, nou pa bezwen kontan pou sa. Paske, lè yon sèpan
mouri gen yon lòt ki pi mechan pase l' k'ap pran plas li.
L'ap kale yon dragon ki gen zèl. 30 Seyè a va tounen yon
gadò pou pòv malere ki nan peyi a. L'a fè yo manje, l'a ba
yo kote pou yo rete san yo pa bezwen pè ankenn danje.
Men, m'ap voye yon sèl grangou sou ras moun Filisti yo,
yo yonn p'ap chape. 31 Nou menm k'ap veye pòtay lavil
moun Filisti yo, nou mèt plenn kont kò nou! Nou menm ki
rete anndan lavil yo, nou mèt pouse kont rèl nou. Nou tout
moun peyi Filisti yo, nou mèt tranble nan tout kò nou. Yon
nwaj nwa ap vini soti nan nò. Se yon gwo lame. Pa gen
yonn nan sòlda li yo k'ap fè kazwèl! 32 Kisa n'a reponn
mesaje moun peyi Filisti yo va voye kote nou an? N'a di
yo se Seyè a menm ki mete peyi Siyon an kanpe ankò
pou tout bon. Se la tout pèp li a, pèp ki t'ap soufri a, va vin
jwenn pwoteksyon.

15 Men sa Bondye di k'ap rive peyi Moab: -Y'ap detwi
lavil A Moab nan yon grenn nwit. Tout peyi Moab la
frèt! Y'ap pran yon sèl nwit pou yo detwi lavil Ki Moab
la! Apre sa, tout peyi a frèt! 2 Moun peyi Moab yo ap
kouri moute lavil Dibon, sou tèt mòn yo pou y' al kriye.
Moun peyi Moab yo pral plenn tèlman y'ap nan lapenn
pou lavil Nebo ak lavil Medeba. Yo taye tout cheve nan tèt
yo, yo koupe tout bab nan figi yo. 3 Nan tout lari, moun
ap mache ak rad sak sou yo. Sou tout plas piblik, sou
teras anwo tout kay, moun ap plenn. Dlo ap koule nan je
yo tout. 4 Moun lavil Esbon ak moun lavil Eleale ap pouse
rèl. Moun tande yo jouk lavil Jakaz. Ata sòlda lame Moab
yo ap tranble. Yo pèdi tout kouraj yo. 5 Kè m' ap fann pou
peyi Moab! Moun li yo ap kouri al kache jouk lavil Zoa

ak lavil Eglat-Chelichiya. Moun ap kriye antan y'ap rale
moute ti pant pou rive lavil Loukit la. Moun ap rele antan
y'ap kouri met deyò sou wout ki mennen lavil Owonayim
lan. 6 Larivyè Nimrim chèch. Tout zèb fin cheche. Fèy
pyebwa yo fennen. Tout pyebwa mouri. 7 Tout moun ap
janbe lòt bò ravin Banbou avèk tou sa yo genyen ak tout
pwovizyon yo. 8 Toupatou, sou fwontyè peyi Moab la,
se rèl. Rèl yo rive jouk nan zòrèy moun lavil Eglayim ak
moun lavil Berelim. 9 Lavil Dimon, dlo larivyè a wouj ak
san! Men Bondye pare yon pi gwo malè pou lavil Dimon.
Se la yon lyon pral touye dènye moun peyi Moab ki te
resi chape kò yo. Se la tout rès moun peyi Moab yo pral
mouri.

16 Moun peyi Moab yo ap rete lavil Sila nan dezè a,
y'ap voye yon mouton fè chèf lavil Jerizalèm lan
kado sou tèt mòn Siyon an. 2 Y'ap rete tann bò larivyè
Anon an. Yo san pozisyon, yo tankou ti zwazo yo mete
deyò nan nich yo. 3 Y'ap di moun peyi Jida yo: -Ban nou
ti konsèy non! Di nou sa pou nou fè! Pwoteje nou anba
zèl ou, tankou yon pyebwa k'ap bay bon lonbray fre gwo
midi. Se chape n'ap chache chape kò nou. Tanpri, kache
nou. Pa lage nou nan men lènmi nou yo. 4 Kite nou rete
nan peyi nou an. Pwoteje nou anba moun ki soti pou
fini ak nou yo. Moun ki t'ap kraze nou an p'ap la ankò.
Piyay la ap fini. Moun ki t'ap pilonnen peyi a anba pye
yo a ap disparèt. 5 Gouvènman peyi Jida a pral kanpe
byen kanpe. Yon chèf pral soti nan ras fanmi wa David la.
Li pral moute chita sou fotèy la pou l' dirije pèp la avèk
bon kè, san patipri. L'ap soti pou l' fè sa ki dwat devan
Bondye. L'ap prese fè tout moun jistis. 6 Moun peyi Jida
yo di: -Nou tande jan moun Moab yo se moun ki gen
lògèy. Wa pa kouzen yo. Nou konnen jan yo estomake,
jan yo gen gwo tanta, jan yo awogan. Men, tou sa se van.
Anyen menm! 7 Men moun Moab yo pral plenyen sò peyi
Moab la. Yo tout pral kriye lè y'a chonje bon pen rezen
yo konn jwenn lavil Kyerès. Yo pral plenn, y'ap pèdi tout
kouraj yo. 8 Gwo jaden peyi Esbon yo pral deperi. Pye
rezen lavil Sibma yo ki te konn bay bon diven chèf nasyon
yo te konn bwè a pral cheche. Te gen yon lè jaden rezen
sa yo te rive jouk bò lavil Jazè. Yo te pouse kouvri tout
dezè a. Yo te gaye kò yo toupatou rive lòt bò lanmè Mouri
a. 9 Se poutèt sa, m'ap kriye pou pye rezen Sibma yo, jan
mwen te kriye pou jaden rezen Jazè yo. Dlo ap kouri nan
je m' pou Esbon ak Eleale, paske moun ap rele pou bèl
rezen yo te konn rekòlte la a. 10 Nanpwen kè kontan ak
fèt nan jaden nou yo! Nan jaden rezen nou yo, nanpwen
chante, nanpwen koudjay ankò! Pa gen rezen pou kraze
nan basen kote yo fè ji. Tout fèt kaba! 11 Se poutèt sa,
m'a plenn, kè m' fè m' mal pou peyi Moab, mwen nan gwo
lapenn pou lavil Kyerès. 12 Moun peyi Moab yo ap touye
tèt yo moute nan mòn. Yo pral nan tanp pou yo lapriyè.
Men, sa p'ap sèvi yo anyen. 13 Anvan sa, men sa Seyè a
te di k'ap rive lavil Moab la. 14 Koulye a, Seyè a pale
ankò. Li di konsa: Nan twazan, jou pou jou, tankou moun
k'ap travay pou lajan kalkile lè travay yo, yo pral pase sa
ki fè pouvwa peyi Moab la nan tenten. Atout li gen anpil
moun koulye a, se de twa ase ki pral rete, yon ti ponyen
tou fèb ki p'ap vo anyen!

17 Men sa Bondye di k'ap rive lavil Damas: -Lavil
Damas p'ap yon lavil ankò. L'ap tounen yon pil
demoli. 2 Moun p'ap janm rete nan lavil peyi Siri yo ankò.
Se la bèf, mouton ak kabrit pral jwenn zèb pou yo manje.
Se la y'a rete san pesonn pa chase yo met deyò. 3
Peyi Efrayim lan pral rete san anyen pou pwoteje l'. Lavil
Damas pral pèdi libète granmoun li. Ti rès moun peyi Siri
a pral gen menm sò ak ti rès moun pèp Izrayèl yo. Yo pral
pèdi bèl pouvwa yo. Se mwen menm, Seyè ki gen tout
pouvwa a, ki di sa. 4 Seyè a di ankò: -Yon jou gen pou
rive. Lè sa a, tout bèl pouvwa peyi Jakòb la pral disparèt.
L'ap pèdi tout richès li, l'ap vin pòv. 5 Peyi Izrayèl la ap
tankou yon jaden diri mi yo fin koupe, yo ranmase pote
ale. L'ap tankou jaden pitimi nan plenn Refayim lè yo fin
ranmase grap ki tonbe atè apre rekòt la. 6 Se sèlman de
twa moun k'ap rete vivan. Peyi Izrayèl la ap tankou yon
pye oliv apre yo fin keyi tout donn li: se de twa grenn ki
rete nan tèt la ak kat ou senk sou branch yo. Se mwen
menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, ki di sa. 7 Jou sa a,
moun va vire tèt yo bò Bondye ki te kreye yo a, y'a leve je
yo gade Bondye pèp Izrayèl la. 8 Yo p'ap vire tèt yo bò
lotèl zidòl yo te fè ak men yo. Yo p'ap leve je yo gade
poto yo te mete kanpe pou Achera, zidòl fanm lan, ak
lotèl kote y'ap boule lansan an. 9 Lè jou sa a va rive,
moun pral kouri kite tout lavil kote yo te konn al chache
pwoteksyon yo. Se va tankou lè moun Ivi yo ak moun
Amon yo te kouri kite tout lavil yo devan pèp Izrayèl la.
Lavil yo pral tounen savann. 10 Nou menm pèp Izrayèl,
nou te bliye Bondye ki te delivre nou an. Nou pa t' chonje
Bondye ki te pwoteje nou an. Se poutèt sa n'ap plante bèl
ti jaden sou kote pou fè sèvis pou zidòl moun lòt nasyon
yo. 11 Menm si yo ta rive pouse menm jou nou plante
yo a, pou menm jou a nan maten yo pran fleri, nou p'ap
rekòlte. Paske menm jou a tou, y'ap deperi. Se va yon
gwo lapenn ki p'ap janm fini. 12 Ki malè sa a? Yon foul
moun k'ap toumante kò yo tankou lè lanmè a move. Y'ap
bat kò yo fè gwo bri tankou lanm lanmè k'ap frape ak fòs
sou rivaj la. 13 Nasyon yo ap bat kò yo tankou lanmè
lè li move. Men, Bondye rele dèyè yo, li fè yo kouri al
byen lwen. Li bwote yo ale tankou van k'ap leve pousyè
sou mòn yo, tankou van siklòn k'ap pote pay ale. 14 Nan
aswè, y'ap bay moun kè sote. Anvan solèy leve, w'ap
chache yo, ou p'ap jwenn yo. Men sa k'ap tann tout moun
k'ap piye nou yo, moun k'ap pwofite sou nou yo.

18 Lòt bò larivyè peyi Letiopi yo, gen yon peyi kote
yo tande yon bri tankou bri zèl yon bann krikèt. 2
Mesaje ap soti nan peyi sa a, y'ap desann larivyè Nil lan
nan pipirit fèt ak wozo. Nou menm mesaje yo, mete zèl
nan pye nou. Tounen lakay nou. Pote nouvèl la bay moun
peyi nou an. Se yon gwo peyi ki fò anpil, ki gen anpil

larivyè k'ap koule ladan l'. Al pote nouvèl la bay moun
bèl wotè yo, ki gen po yo boule nan solèy. Se yon pèp
tout moun pè. 3 Nou tout ki rete sou latè, leve je nou
gade. Yo pral bay siyal la ak drapo kanpe sou tèt mòn yo.
Louvri zòrèy nou, tande. Yo pral sonnen klewon an. 4
Seyè a di m' konsa: M'ap rete rete m' kote m' ye nan syèl
la, m'ap gade anba san m' pa fè ankenn bri, tankou solèy
la lè l'ap klere gwo midi, tankou lawouze k'ap tonbe nan
mitan chalè lannwit nan sezon rekòt. 5 Paske, menm jan
anvan rekòt rezen yo, lè yo fin fleri, lè rezen yo pral mi, yo
debranche yo ak kouto, yo wete tout ti branch yo, yo ba
yo lè, se konsa lènmi yo pral detwi moun peyi Letiopi yo.
6 Yo pral kite kadav sòlda yo konsa pou zwezo ki manje
vyann epi ki rete nan mòn ak pou bèt nan bwa. Nan sezon
chalè, zwezo va vin manje yo. Nan sezon fredi, se bèt nan
bwa ki va vin manje yo. 7 Lè sa a, bann moun bèl wotè ki
gen po yo boule nan solèy, pèp tout moun pè a, moun ki
rete nan gwo peyi ki gen fò anpil la, yo menm ki rete nan
peyi ki nan tèt dlo larivyè Nil lan, y'a pote kado bay Seyè
ki gen tout pouvwa a. Y'a vin jouk sou mòn Siyon an kote
moun fè sèvis pou Seyè ki gen tout pouvwa a.

19 Men mesaj Bondye bay sou peyi Lejip la: -Seyè a
chita sou yon nwaj k'ap kouri desann bò peyi Lejip
la. Zidòl Lejip yo tranble devan l'. Moun peyi Lejip yo gen
kè kase. 2 Seyè a di: M'ap fè moun peyi Lejip yo leve
yonn dèyè lòt. Yo pral goumen yonn ak lòt, vwazinaj ak
vwazinaj, vil ak vil, chèf ak chèf. 3 Nou pral fè yo pèdi
tèt yo, yo p'ap konn sa pou yo fè. Yo pral rele nan pye
zidòl yo, yo pral kay majisyen, kay divinò ak kay moun
k'ap rele mò. 4 Mwen pral lage moun Lejip yo nan men
yon chèf ki rèd anpil, nan men yon wa mechan ki pral
gouvènen yo. Se mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa
a, ki di sa! 5 Dlo larivyè Nil lan pral bese jouk l'a rive
chèch nèt. 6 Kannal yo pral santi, dlo kannal yo pral bese
jouk yo chèch. Pye wozo ak pye jon yo pral fennen. 7
Tout pyebwa ki pouse, tout jaden yo te plante bò larivyè
Nil, depi anwo jouk nan lanbouchi, pral cheche. Van pral
bwote yo ale, li p'ap kite anyen. 8 Pechè yo pral plenn,
moun ki te konn peche pwason ak zen nan larivyè a pral
pran lapenn. Moun ki te konn voye privye nan larivyè a
pral nan gwo chagren. 9 Moun ki te konn fè bèl twal swa
yo pral dekouraje. Sa ki te konn tise lenn yo, sa ki te konn
tise bèl twal blan yo pral nan lafliksyon. 10 Bòs k'ap fè twal
yo pral nan gwo tèt chaje. Moun k'ap travay yo menm pral
nan gwo lapenn. 11 Chèf lavil Zoan yo, se yon bann moun
sòt! Sa ki pi fò nan moun k'ap bay farawon an konsèy yo,
se ranse y'ap ranse. Ki jan yo ka fè di wa a se pitit ansyen
moun lespri ak pitit ansyen wa yo li ye? 12 Farawon, kote
moun lespri ou yo? Se pou yo ka di ou sa Seyè ki gen
tout pouvwa a gen lide fè peyi Lejip pase! Se pou yo ka fè
ou konn sa! 13 Chèf lavil Zoan ak chèf lavil Menmfis yo,
se yon bann moun sòt! Yo kite moun ap twonpe yo! Yo te
la pou mennen peyi Lejip sou bon chemen. Yo lage l' nan
bwa. 14 Seyè a fè tout moun nan peyi a pèdi tèt yo nèt!
Sa ki rive? Peyi Lejip pèdi chemen l' nan tou sa l'ap fè, li
tankou yon nonm sou k'ap glise tonbe nan sa l'ap vonmi
an! 15 Nan peyi Lejip, pesonn, rich kou pòv, gwo kou piti,
pa ka fè anyen pou peyi a ankò. 16 Jou sa a, gason peyi
Lejip yo ap tankou fanm: yo pral tranble, kè yo pral kase
lè y'a wè Seyè ki gen tout pouvwa a ap leve men l' pou
pini yo. 17 Peyi Jida a ap fè kè moun peyi Lejip yo sote.
Chak fwa y'a nonmen non peyi Jida nan zòrèy yo, y'a pè,
paske y'a chonje sa Seyè ki gen tout pouvwa a te gen lide
fè yo pase. 18 Lè sa a, y'a gen senk lavil nan peyi Lejip
kote moun va pale ebre. Moun la va pran non Seyè ki gen
tout pouvwa a pou fè sèman. Yonn nan lavil sa yo va rele
Lavil Solèy. 19 Lè sa a va gen yon lotèl pou Seyè ki gen
tout pouvwa a nan peyi Lejip. Sou fwontyè peyi a, y'ap
kanpe yon gwo wòch y'ap mete apa pou Seyè a. 20 Sa
va sèvi yon mak pou fè konnen Seyè ki gen tout pouvwa
a kanpe la nan peyi Lejip la. Lè moun va konprann pou fè
yo pase tray, y'a lapriyè Seyè a mande l' sekou. Seyè a va
voye yon moun pou vin delivre yo. L'a pran defans yo, l'a
sove yo. 21 Jou sa a, Seyè a va fè moun Lejip yo konnen
ki moun li ye. Yo menm y'a rekonèt sa, y'a ofri bèt pou
touye pou li, y'a ofri rekòt nan jaden yo ba li. Y'a fè Seyè a
gwo pwomès. Lèfini, y'a kenbe pwomès yo. 22 Seyè a
gen pou l' pini moun Lejip yo. Men, l'a geri yo. Y'a tounen
vin jwenn li. Seyè a va koute lè y'ap lapriyè nan pye l',
l'a geri yo. 23 Jou sa a, ap gen yon gwo wout k'ap soti
peyi Lejip rive jouk nan peyi Lasiri. Moun peyi Lasiri va
vwayaje al nan peyi Lejip, moun peyi Lejip va vwayaje al
nan peyi Lasiri. Tou de peyi yo pral sèvi Seyè a. 24 Lè sa
a, peyi Izrayèl la va sou menm pye ak peyi Lejip ansanm
ak peyi Lasiri: twa nasyon sa yo va yon benediksyon pou
tout moun sou latè. 25 Seyè a va beni yo, l'a di konsa: -
benediksyon pou Lejip, pèp mwen an, pou Lasiri mwen te
fè ak men mwen an, ak pou Izrayèl ki rele m' pa m' lan.

20 Sa te pase nan lanne Sagon, wa peyi Lasiri, te bay
kòmandan chèf lame li a lòd pou l' te al atake lavil
Asdòd nan peyi moun Filisti yo. Epi li pran l'. 2 Men anvan
sa, Seyè a te pale ak Ezayi, pitit Amòz la. Li te di l': Wete
rad sak kòlèt ki sou ou a ak sapat ki nan pye ou la. Se sa
menm Ezayi te fè. Se konsa li t'ap mache toutouni pye
atè nan lari. 3 Lanne yo te pran lavil Asdòd la, Seyè a
di konsa: -Ezayi, sèvitè m' lan, te rete toutouni pye atè
pandan twazan. Sa se yon siy ak yon avètisman pou sa ki
pral rive peyi Lejip ak peyi Letiopi. 4 Wa peyi Lasiri a pral
depòte tout prizonye li pral fè nan peyi Lejip ak nan peyi
Letiopi. Granmoun kou timoun pral mache toutouni, pye
atè ak tout dèyè yo deyò. Sa pral yon wont pou peyi Lejip.
5 Moun ki te konte sou peyi Letiopi ak moun ki t'ap fè
lwanj peyi Lejip yo pral wont, yo pral dekouraje. 6 Lè jou
sa a va rive, moun ki rete sou rivaj peyi Filisti a va di:
Gade sa ki rive moun sa yo! Epi se sou yo nou te konte,
se lakay yo nou te fè lide al chache pwoteksyon pou yo te
ka sove nou anba men wa peyi Lasiri a! Koulye a, kote
n'ap bay tèt pou n' chape kò nou?

21 Men mesaj Bondye bay sou plenn bò lanmè a, nan
peyi Babilòn: -Tankou yon van siklòn k'ap bale dezè
Negèv la, yon gwo malè pral soti nan peyi san manman
yo. **2** Mwen fè yon vizyon, mwen wè bagay ki pou bay
gwo lapenn lan. Mwen wè moun k'ap trayi, moun k'ap
kraze brize! Nou menm lame peyi Elam lan, moute al
atake! Nou menm sòlda peyi Medi yo, al sènen lavil li
yo! Bondye pral fè moun k'ap soufri anba peyi Babilòn
lan sispann plenn. **3** Se poutèt sa, tout zantray mwen ap
bouyi! Mwen gen yon sèl doulè anba vant tankou yon
fanm ki prèt pou akouche. M'ap tòde. Mwen rete vant ba:
mwen pa wè anyen, mwen pa tande anyen. **4** Tèt mwen
ap vire. M'ap tranble tèlman mwen pè. Mwen t'ap tann
solèy la kouche. Men, lè aswè rive, se te pi mal. **5** Nan
vizyon an, mwen wè yon tab byen ranje, yo louvri tapi atè
pou envite yo chita. Y'ap manje, y'ap bwè. Yon moman,
yo bay yon lòd: Kanpe, chèf lame yo! Pare zam nou pou
defann nou! **6** Apre sa, Seyè a di m' konsa: -Ale non!
Mete yon gad veye! W'a di l' pou l' fè ou konnen tou sa la
wè. **7** Si l' wè kavalye k'ap vini sou chwal yo, de pa de ak
yon pati moun sou bourik, yon lòt pati sou chamo, se pou
l' louvri je l' gade byen. **8** Gad la rele byen fò: -Mèt, m'ap
rete kanpe la nan pòs mwen tout lajounen. Mwen p'ap
deplase kote m' ye a. M'ap veye tout lannwit. **9** Lè sa a,
yon lame kavalye parèt. Y'ap mache vini de pa de. Gad la
bay nouvèl la. Li di: Lavil Babilòn tonbe! Wi, li tonbe! Tout
estati zidòl yo tonbe plat atè, yo kraze! **10** Nou menm, pèp
mwen an, mwen te fwote nou anba pye m' tankou moun
fwote diri sou glasi. Men, koulye a m'ap fè nou konnen
bon nouvèl mwen te tande a. Se Seyè ki gen tout pouvwa
a, Bondye pèp Izrayèl la, ki te fè m' konn sa. **11** Men
mesaj Bondye bay pou moun peyi Edon yo: -Yon moun
rete peyi Seyi, l'ap rele m'. Li di m': Ey, gad! Kilè li ye?
Konbe tan ankò pou nwit lan bout? Konbe tan ankò anvan
solèy leve? **12** Mwen reponn: -Bajou prèt pou kase. Men
apre sa, se va lannwit ankò. Si nou vle mande sa ankò,
tounen vin mande. **13** Men mesaj Bondye bay pou moun
peyi Arabi yo: -Nou menm moun peyi Dedan, se nan
mitan raje ki nan savann Arabi a nou pral moute kan nou
pase nwit! **14** Al kontre moun ki swaf dlo yo pou ba yo
bwè. Moun peyi Tema yo al kontre moun k'ap kouri sove
yo, yo pote manje ba yo. **15** Moun yo pran kouri pou yo
chape anba nepe sòlda ki te soti pou touye yo, anba flèch
ki te tou pare pou pèse yo, anba gwo danje ki te gen nan
batay la. **16** Lè sa a, Seyè a di m' konsa: -Nan yon lanne,
jou pou jou, tankou moun k'ap travay pou lajan kalkile lè
travay yo, p'ap rete anyen nan tout bèl pouvwa peyi Keda
a! **17** Ou tande jan nan peyi sa a gen anpil vanyan sòlda
ki konn tire banza byen? Enben! Se de twa ase ki va rete.
Se mwen menm, Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, ki di sa.

22 Men yon mesaj pou Fon Vizyon an: -Sa k'ap pase
konsa? Poukisa tout moun nan lavil la ap moute
sou teras anwo kay yo pou fè fèt konsa? **2** Tout lavil la tèt
anba. Toupatou se bri, se banbòch. Moun ki mouri nan
mitan nou yo, se pa nan goumen ni nan lagè yo mouri. **3**
Tout chèf lame nou yo vole gadjè. Anvan menm yo te
voye yon flèch, yo te gen tan fè yo tout prizonye. Tout
moun ki t'ap kouri met deyò yo, yo fè yo tout prizonye
tou. **4** Se poutèt sa mwen di: Kite m' pou kont mwen pou
m' ka kriye kont kriye mwen! Pa chache konsole m' pou
gwo malè sèk sa a ki tonbe sou pèp mwen an! **5** Jounen
jòdi a, se yon jou debandad, se jou yo pèdi batay la, se
jou pesonn pa konn sa pou yo fè. Se Seyè ki gen tout
pouvwa a menm ki fè sa rive nou. Nan Fon Vizyon an,
y'ap kraze miray lavil yo met atè. Nan tout mòn yo, y'ap
rele mande sekou. **6** Sòlda peyi Elam yo moute sou cha
yo ak sou chwal yo. Banza yo ak flèch yo tou pare, y'ap
vini. Lame peyi Ki a pran zam pou pare kou yo. **7** Cha
lagè anvayi tout plenn kote nou gen pi bon venn tè jaden.
Sòlda yo kanpe sou chwal yo devan pòtay lavil Jerizalèm.
8 Pa gen anyen ankò pou defann moun peyi Jida yo. Lè
sa a, nou kouri al chache zam nan depo zam palè wa a.
9 Nou te wè te gen anpil kote ki fann nan miray lavil David
la. Nou ranmase dlo k'ap soti nan rezèvwa anba a. **10**
Nou mache konte tout kay ki nan lavil Jerizalèm. Nou
kraze de twa ladan yo pou nou fè miray lavil la pi solid. **11**
Nou bati yon rezèvwa nan mitan de miray pou ranmase
dlo k'ap soti nan Vye Basen. Men, nou pa janm dòmi reve
Bondye, li menm ki te fè lide sa a depi lontan, li menm ki
lakòz tout bagay sa yo rive konsa. **12** Jou sa a, Seyè ki
gen tout pouvwa a te rele nou, li te mande nou pou nou
kriye, pou nou plenn, pou nou koupe tout cheve nan tèt
nou, pou nou mete rad sak sou nou. **13** Men, gade! Nou
pito rete ap ri, n'ap fè fèt, n'ap touye bèf, n'ap touye kabrit
ak mouton pou n' manje, n'ap bwè diven. N'ap plede di:
Annou manje, annou bwè, paske denmen nou pral mouri.
14 Seyè ki gen tout pouvwa a pale nan zòrèy mwen, li di
m': Yo p'ap janm padonnen moun sa yo fòt yo fè la a jouk
jou yo mouri. Se mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa
a, ki di sa. **15** Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di m'
ankò: -Ale kay Chebna, chèf ki reskonsab kay wa a. Msye
te fè fouye yon kavo sou ti mòn lan pou lè li mouri. W'a di
l' pou mwen: **16** Kisa ou genyen ki pou ou isit la? Ki fanmi
ou gen isit la pou ou fè fouye yon kavo pou ou nan flan ti
mòn lan? **17** Ou mèt grannèg kont kò ou, Seyè a pral
pase men l' pran ou, l'ap voye ou jete byen lwen. **18** L'ap
plòtonnen ou, l'ap fè ou tounen yon boul, l'ap voye ou
al teri nan yon pi gwo peyi. Se la l'ap voye ou al mouri
nan mitan tout cha ki t'ap fè ou fè tout granpanpan sa a.
Ou se yon wont pou kay mèt ou a. **19** M'ap kase ou nan
plas kote ou ye a, m'ap fè ou desann soti kote ou chita a.
20 Lè sa a, m'a voye chache sèvitè m' lan, Elyakim, pitit
gason Ilkija a. **21** M'a pran palto ki sou do ou la, m'a ba li
l'. M'a pran senti ki pase nan ren ou lan, m'a mare ren pa
l' avè l'. Pouvwa ou te genyen an, m'ap ba li l': l'ap tankou
yon papa pou tout moun nan lavil Jerizalèm ak nan peyi
Jida. **22** Apre wa a, pitit pitit ki soti nan fanmi David la, se
li menm k'ap sèl chèf. M'ap ba li kle pou l' reskonsab kay
David la: Lè li louvri, pesonn p'ap ka fèmen. Lè li fèmen,
pesonn p'ap ka louvri. **23** M'ap mete l' chita, l'ap tankou

yon zegwi bwa yo fè antre byen fon nan yon poto. Li pral
sèvi yon lwanj pou fanmi papa l'. 24 Men, tout fanmi l',
tout ti fanmi l' yo pral tounen yon chay twò lou pou li. Yo
pral pandye nan kou l' tankou gode ak bòl ki pandye nan
yon zegwi bwa. 25 Lè sa a, men sa Seyè a, Bondye ki
gen tout pouvwa a di: Zegwi yo te fè antre byen fon nan
poto a pral rache. L'ap soti, l'ap tonbe atè, epi tout chay ki
sou li a pral tonbe tou. Se Seyè a ki di sa.

23 Men yon mesaj pou lavil Tir: -Nou menm maren ki
sou batiman Tasis yo, nou mèt plenn sò nou! Lavil
Tasis fini. Pa gen kay ankò, pa gen pò! Yo t'ap tounen soti
peyi Kitim lè yo pran nouvèl la. 2 Nou menm kòmèsan
Sidon yo, moun lakòt, nou pral rete men nan bouch. Nou
te voye moun lòt bò lanmè 3 achte ble yo rekòlte bò
larivyè Nil nan peyi Lejip la, apre sa pou nou mache vann
li avèk gwo benefis. Nou t'ap fè kòmès ak tout peyi. 4
Lavil Sidon, ou menm ki te yon si bon pò, yo pral fè ou
wont! Lanmè a pale, li di konsa: Mwen pa janm gen pitit,
mwen pa janm fè pitit. Mwen pa janm gen pitit gason pou
m' elve, ni pitit fi pou m' bay levasyon. 5 Lè moun Lejip yo
va pran nouvèl sa ki te rive lavil Tir, yo pral tranble nan
kanson yo! 6 Nou menm moun peyi Finisi, moun lakòt,
travèse lòt bò lanmè. Al nan peyi Tasis. Nou mèt plenn sò
nou! 7 Lavil sa a, se pa lavil kote moun te toujou ap fè fèt
la? Se pa yon lavil ki la depi nan tan lontan? Se pa lavil ki
te konn voye yon koloni moun pa l' yo al tabli nan peyi lòt
bò lanmè pou chita pouvwa li plis? 8 Se lavil Tir wa a te
chita ap nonmen chèf. Tout kòmèsan li yo, se gwo chèf
yo te ye. Negosyan l' yo menm, se moun yo te respekte
toupatou sou latè. Kilès ki te pran desizyon fè lavil Tir la
sa? 9 Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki te pran desizyon
sa a. Li fè sa pou kraze lògèy yo te genyen pou tout bèl
bagay yo te fè, pou l' te ka trennen tout grannèg peyi a
nan labou. 10 Nou menm moun li yo ki nan peyi Tasis,
pito nou travay tè nou tankou moun bò larivyè Nil yo. Pa
gen moun pou pwoteje nou ankò. 11 Seyè a te lonje men
l' anwo lanmè a. Li te jete wa ki t'ap gouvènen yo a. Li te
bay lòd pou yo detwi tout pò moun Finisi yo te gen nan
peyi Kanaran. 12 Li di: -Nou menm, moun lavil Siyon,
nou pa nan fè fèt ankò! Nou tankou yon jenn fi yo ta fè
kadejak sou li. Nou mèt leve, travèse lòt bò lanmè. Al nan
peyi Kitim. Menm la, yo p'ap kite nou an repo. 13 Gade
peyi Tir la! Se pa moun Lasiri yo ki te lage l' nan men bèt
nan bwa yo. Se moun Babilòn yo ki te fè sa. Se yo ki te
bati fò won byen wo pou sènen peyi a. Yo kraze tout fò
lavil Tir yo. Yo fè yo tounen mazi. 14 Nou menm maren ki
sou batiman Tasis yo, nou mèt plenn sò nou, paske yo
detwi gwo pò nou an! 15 Yon lè ap rive, yo pral bliye lavil
Tir pandan swasanndizan, laj yon wa rive genyen anvan li
mouri. Men, apre swasanndizan sa yo, lavil Tir pral tankou
jennès yo pale nan chante a: 16 Pran gita ou! Mache nan
tout lavil la! Ou menm, jennès yo te bliye a! Jwe bèl mizik,
chante bèl chante ou yo ankò pou yo ka chonje ou! 17
Wi, apre swasanndizan, Seyè a va kite lavil Tir reprann
menm vye kòmès li a. Lavil Tir pral lage kò l' nan fè bagay
derespektan ankò, li pral nan fè dezòd ak tout chèf k'ap
gouvènen toupatou sou latè. 18 Men, y'ap pran lajan y'ap
ba li a ansanm ak benefis l'ap fè nan kòmès sal li a, y'ap
mete yo apa pou Seyè a. Li p'ap ka ranmase yo pou l'
sere. Se moun k'ap sèvi Seyè a ki pral sèvi ak lajan sa a
pou achte manje plen vant yo ak bèl rad pou mete sou yo.

24 Seyè a pral souke tè a, li pral ravaje l'. Li pral
boulvèse l'. Tout moun ki rete sou tè a pral kouri
gaye toupatou. 2 Tout moun pral pase, prèt yo kou moun
nan pèp la, esklav yo kou mèt yo, sèvant yo kou metrès
yo, sa k'ap vann kou sa k'ap achte, sa k'ap bay ponya
kou sa k'ap pran ponya, sa k'ap bay kredi kou sa k'ap
pran kredi. 3 Yo pral ravaje tout tè a, yo pral piye tout
bagay. Seyè a fin pale, se sa ki pou rive. 4 Tout moun sou
latè nan lapenn. Yo pa kapab ankò. Pèp la ap plenn, y'ap
deperi. Chèf yo ap plenn ansanm ak rès pèp la. 5 Moun
yo pa respekte peyi Bondye a. Yo pa koute lòd Bondye ba
yo. Yo derefize fè sa l' te mande yo fè a, yo derefize obeyi
kòmandman Bondye yo. Yo pa kenbe kontra li te fè ak yo
pou tout tan an. 6 Se poutèt sa madichon ap fini ak latè:
moun ki rete sou latè ap peye pou sa yo te fè ki mal. Y'ap
deperi grenn pa grenn. Se yon ti ponyen ki rete. 7 Pye
rezen yo ap fennen. Ou pa ka jwenn diven. Tout moun
ki te konn fè fèt yo ap plenn. 8 Yo pa bat tanbou ankò.
Pa gen gwo fèt ankò. Yo pa jwe gita ankò. 9 Nanpwen
chante ankò lè y'ap bwè diven. Gwòg vin anmè nan bouch
gwògmann yo. 10 Pa gen moun nan lavil la. Yo kite kay
yo ap tonbe. Tout pòt kay fèmen, moun pa antre la ankò.
11 Nan tout lari moun ap rele paske nanpwen diven ankò.
Pa gen fèt rejwisans ankò. Nanpwen kè kontan nan peyi
a. 12 Lavil la ap fini, ata pòtay yo fin kraze. 13 Se konsa
sa pral ye nan tout peyi sou latè. Se va tankou apre rekòt
lè y'ap gole dènye oliv ki rete nan pye oliv yo, lè y'ap fè
grapyay apre rekòt rezen an. 14 Sa ki chape yo pral rele,
yo pral chante byen fò ak kè kontan. Y'ap rete bò solèy
kouche a, yo pral di jan Seyè a gen pouvwa. 15 Konsa
tou, moun ki rete bò solèy leve pral fè lwanj Seyè a. Moun
ki rete sou zile nan lanmè a pral fè chante pou Seyè a,
Bondye pèp Izrayèl la. 16 Byen lwen nan dènye bout latè,
nou tande y'ap chante, y'ap fè lwanj pou moun ki mache
dwat yo. Men mwen menm, mwen di: Pa gen rechap pou
mwen! Pa gen chape pou mwen! Gade nan kisa m' ye!
Trèt yo ap trayi moun toujou! Chak jou y'ap trayi moun pi
rèd! 17 Nou menm ki rete sou latè, se kè sere, se gwo
twou, se pèlen ki pare pou nou! 18 Moun k'ap kouri lè y'a
tande rèl moun ki pè yo pral tonbe nan twou. Moun k'ap
moute soti nan twou pral pran nan pèlen. Paske gwo lapli
a pral tonbe sot nan syèl la. Fondasyon latè pral pran
tranble. 19 Latè pral fann, l'ap pete fè miyèt moso. L'ap
tranble, l'ap souke tout kò l'. 20 Latè pral balanse tankou
moun sou. Li pral souke tankou yon ti joupa lè van ap
soufle fò. Peche lèzòm yo peze lou sou li: l'ap tonbe, li
p'ap janm ka leve ankò. 21 Jou sa a, Seyè a pral pini zanj
yo ki anwo nan syèl la, l'ap pini tout chèf k'ap gouvènen
sou latè. 22 L'ap mete yo ansanm nan prizon nan yon

tonm. L'ap fèmen yo nan kacho. Apre yon bon tan, l'ap
pini yo. 23 lalin lan pral vin tou nwa. Solèy la p'ap klere
ankò, paske Seyè ki gen tout pouvwa a pral sèl wa. Li
pral gouvènen nan lavil Jerizalèm sou tèt mòn Siyon an.
Tout chèf fanmi pèp li a pral wè gwo pouvwa li.

25 Seyè, se ou ki Bondye mwen! M'a di jan ou gen
gwo pouvwa, m'a fè lwanj ou! Ou fè anpil bèl bagay.
Plan travay ou te fè nan tèt ou depi lontan an, ou reyalize
l' nèt, jan ou te vle l' la. 2 Ou fè tout lavil tounen pil wòch,
lavil ki te gen gwo ranpa tounen vye kay kraze. Sitadèl
lènmi yo te bati a disparèt. Yo p'ap janm ka rebati l' ankò.
3 Se poutèt sa, moun gwo nasyon yo ap fè lwanj ou.
Lwijanboje ki rete nan lavil gwo peyi yo va gen krentif
pou ou. 4 Paske ou te sèvi pwoteksyon pou moun ki fèb,
yon pwoteksyon pou malere lè yo te nan tray. Se bò kote
ou yo pare lapli. Se anba lonbraj ou yo pare solèy. Lè
mechan yo move, yo tankou gwo lapli loraj k'ap tonbe nan
tan fredi. 5 Yo tankou gwo solèy k'ap boule yon tè sèk.
Men, Seyè, ou kase fe lènmi nou yo. Ou fè tout mechan
yo fèmen bouch yo. Ou fè yo frèt tankou lè gwo nwaj bare
solèy la nan sezon chalè. 6 Seyè ki gen tout pouvwa a
pral fè yon gwo fèt sou mòn Siyon an pou tout nasyon ki
sou latè, avèk bèl plat manje byen pare ak bonjan vyann
gra. L'ap sèvi bon kalite diven ki la depi lontan. 7 Se sou
mòn sa a li pral wete gwo vwal ki te sou tèt tout nasyon
yo, vwal ki te ba yo kè sere a. 8 Seyè a pral fè pa janm
gen lanmò ankò. Li pral siye dlo nan je tout moun. Li pral
wete lawont sa a ki te sou pèp li a toupatou sou latè. Se
Seyè a menm ki di sa! 9 Jou sa a, tout moun va di: Se
li menm ki Bondye nou. Nou te mete tout espwa nou
nan li. Li delivre nou! Se li menm ki Seyè a! Nou te mete
konfyans nou nan li. Ann fè kè nou kontan. Ann fè fèt,
paske li delivre nou. 10 Seyè a ap pwoteje mòn Siyon an.
Men, l'ap pilonnen moun peyi Moab yo anba pye l', menm
jan yo pilonnen pay nan labou pak bèt. 11 Nan mitan
labou a, y'a lonje bra yo tankou si yo ta vle naje soti. Men
Seyè a pral kraze lògèy yo, l'ap defèt tou sa yo te fè ak
men yo. 12 L'ap kraze gwo ranpa byen wo yo te bati sou
miray yo, l'ap jete yo plat atè, l'ap fè yo tounen pousyè.

26 Jou sa a, pèp la va chante kantik sa a nan peyi
Jida: -Koulye a, nou gen yon lavil ki byen pwoteje!
Bondye bati gwo miray ak ranpa pou l' delivre nou. 2
Louvri pòtay lavil yo! Kite nasyon ki toujou kenbe pawòl li
ak Bondye a, nasyon ki fè sa ki dwat devan Bondye a
antre. 3 Ou menm, Bondye, w'ap ba yo kè poze! Moun
ki toujou kenbe pwomès yo, wi, w'ap ba yo kè poze,
paske yo mete konfyans yo nan ou! 4 Mete konfyans nou
nan Bondye pou tout tan paske Seyè a ap toujou la pou
pwoteje nou. 5 Li fè moun ki te gen gwo lide nan kè yo
bese tèt yo byen ba. L'a kraze gwo lavil yo te bati pou
pwoteje yo a, li demoli l' nèt ratè. 6 Pòv yo ak malere yo
ap foule l' anba pye yo! 7 Seyè, ou fè chemen an dous
pou moun k'ap mache dwat, ou louvri yon bèl chemen plat
pou yo. 8 Nou vle fè volonte ou, nou konte sou ou. Se ou
menm nou anvi wè! Se ou menm n'ap chonje tout tan! 9
Lannwit, se ou menm m'ap chonje. Lide m' ap travay sou
ou. Paske lè w'ap jije sa k'ap pase sou latè moun ki sou
latè resi konnen sa ki rele jistis. 10 Si yo fè mechan yo
gras se pa sa k'ap fè yo konnen sa ki rele jistis. Menm
nan peyi kote moun ap mache dwat, y'ap fè sa ki mal.
Yo derefize rekonèt pouvwa Bondye! 11 Seyè, ou leve
men ou pou pini lènmi ou yo, yo pa wè sa. Fè yo wè jan
ou renmen pèp ou a, epi y'a wont. Fè dife ou pare pou
lènmi ou yo devore yo. 12 Seyè, ou fè nou viv ak kè poze.
Paske tou sa nou rive fè, se ou ki fè l' pou nou! 13 Seyè,
Bondye nou an, gen lòt chèf ki t'ap dirije nou. Men, se ou
menm sèl ki mèt nou, se ou menm sèl n'ap sèvi! 14 Sa ki
mouri yo mouri nèt, lespri yo p'ap leve ankò. Paske, ou
pini yo, ou disparèt yo. Ou fè pa gen moun k'ap chonje yo
ankò. 15 Seyè, ou fè nasyon nou an vin pi plis. Ou fè l' vin
pi plis, ou laji fwontyè peyi a. Sa fè moun wè jan ou gen
pouvwa. 16 Seyè, lè pèp la te nan tray, se ou menm yo te
vin jwenn. Lè ou t'ap pini yo, yo te gen kè sere, se nan
pye ou yo t'ap lapriyè. 17 Seyè, nou t'ap rele nan pye ou,
tankou yon fanm ansent ki prèt pou akouche, k'ap tòde,
k'ap rele lè tranche a pran l'. 18 Li nan lapenn, l'ap tòde
anba doulè. Men, lè pou l' akouche, li pa fè anyen. Konsa
tou, nou te nan lapenn, men, peyi a pa rive sove. Moun ki
pou rete nan peyi a pa rive fèt. 19 Moun pa ou yo ki te
mouri pral leve vivan ankò. Kadav yo pral leve mache.
Nou menm ki te anba tè, leve non! Chante ak kè kontan.
Menm jan lawouze rafrechi latè, se konsa Seyè a pral
fè sa ki te mouri depi lontan yo leve vivan ankò. 20 Ale
non, pèp mwen an! Antre lakay nou. Fèmen pòt dèyè
nou. Kache kò nou pou yon ti tan, jouk kòlè Bondye a va
fin pase. 21 Seyè a ap met deyò, li pral pini mezi moun
sou latè ki fè krim. Yo pral devwale tout krim yo te fè an
kachèt. Yo pral dekouvri kadav tout moun yo te touye.

27 Jou sa a, Seyè a pral pran gwo nepe li a ki byen
file, byen solid, li pral sèvi avè l' pou l' pini levyatan
an, gwo koulèv ki konn kouri kache a, gwo koulèv ki konn
tòde kò l' la. L'ap touye dragon k'ap viv nan lanmè a. 2
Jou sa a, y'a chante yon chante sou jaden rezen k'ap
bay bon diven an. 3 Se mwen menm, Seyè a, k'ap okipe
jaden an. Se chak lè m'ap wouze l'. Lajounen kou lannwit
m'ap veye l', pou pesonn pa fè l' anyen. 4 Mwen pa fache
avè l' ankò. Si mwen jwenn pikan ak move raje ladan l',
m'a rache yo. M'a sanble yo, m'a boule yo nan dife. 5
Men, si lènmi pèp mwen an vle pou m' pwoteje yo, se
pou yo vin fè lapè ak mwen. Wi, se pou yo vin fè lapè ak
mwen. 6 Nan jou k'ap vini yo, fanmi Jakòb la pral pouse
rasin ankò, pèp Izrayèl la pral boujonnen, li pral fè flè. Li
pral kouvri latè ak donn l'ap bay. 7 Seyè a pa t' pini l'
menm jan li te pini lènmi l' yo. Li pa t' touye moun li yo
menm jan li te touye moun ki t'ap ansasinen l' yo. 8 Pou l'
te pini pèp la, li mete yo deyò nan peyi a, li fè depòte yo, li
voye yon move van soti nan lès pote yo ale. 9 Men, pou l'
padonnen peche pèp Izrayèl la, se pou tout wòch lotèl

zidòl yo tounen pousyè lacho, se pou yo kraze tout estati
zidòl yo ansanm ak lotèl kote yo boule lansan pou yo. Se
konsa li p'ap fè yo peye pou sa yo fè a. 10 Lavil ki te gen
gwo ranpa ap fin kraze. Pa gen moun ki rete la ankò. Lavil
la tounen yon savann. Se la jenn bèf vin rete, se la yo
manje, se la yo kouche. Y'ap manje dènye ti pous raje. 11
Branch bwa yo cheche, yo kase. Medam yo ranmase yo
pou fè dife. Paske pèp la pa t' konprann anyen, Bondye ki
te kreye l' la p'ap gen pitye pou li. Bondye ki te fè l' la
p'ap fè l' gras. 12 Jou sa a, tankou lè y'ap bat pwa sou
glasi, se Seyè a menm ki pral jije tout moun nan peyi a,
depi bò larivyè Lefrat la jouk ravin ki sou fwontyè ak peyi
Lejip la. Apre sa, nou menm pitit Izrayèl yo, l'ap ranmase
nou grenn pa grenn, tankou lè y'ap ranmase grenn pwa
sou glasi. 13 Wi, jou sa a, y'a kònen gwo twonpèt la.
Tout moun ki t'ap deperi nan peyi Lasiri, tout moun yo te
depòte nan peyi Lejip yo pral tounen lakay yo. Y'ap vin
adore Seyè a sou mòn ki apa pou li a, nan lavil Jerizalèm.

28 Madichon pou gwògmann ki alatèt peyi Efrayim lan!
Pouvwa yo ap fini tankou bèl flè ki te nan kouwòn
yo te mete sou tèt yo a. Madichon pou bèl kapital k'ap
deperi sou tèt mòn kote li dominen bon venn tè ki nan
plenn lan! Madichon pou nou tout ki anba gwòg nou! 2
Seyè a gen yon moun ki gen fòs, yon moun ki gen pouvwa
pou fè travay la pou li. L'ap vini tankou yon gwo lapli
k'ap tonbe fòs avès, k'ap fè dlo moute anvayi toupatou.
L'ap pran tout bagay nan men l', l'ap leve yo. l'ap fese
yo atè. 3 Li pral pilonnen anba pye li sa ki te fè lògèy
gwògmann yo, chèf peyi Efrayim yo. 4 Bèl kapital chèf sa
yo pral fini kraze sou tèt mòn kote l'ap donminen sou bon
venn tè ki nan fon an. Enben, yo pral disparèt tankou
premye fig frans mi ki parèt nan sezon an. Wè yon moun
wè l', l'ap pran l', l'ap manje l'. 5 Jou sa a, Seyè ki gen
tout pouvwa a pral tankou yon bèl kouwòn flè pou rès
moun ki pa mouri yo, yon bèl kouwòn dyaman pou sa ki
chape yo. 6 L'a fè moun ki chita nan tribinal yo gen bon
konprann pou yo pa fè lenjistis. L'ap bay sòlda yo fòs pou
yo ka kilbite lènmi yo lòt bò pòtay lavil la. 7 Ata pwofèt yo
ak prèt yo, yo sitèlman sou, y'ap titibe. Yo sitèlman bwè
diven ak gwo gwòg fò, y'ap di betiz, y'ap depale. Pwofèt
yo twò sou pou yo konprann anyen nan vizyon Bondye
ap fè yo wè. Prèt yo ap depale, yo pa konn sa pou yo
di lè moun vin mete yon ka devan yo. 8 Yo vonmi sal
tout tab kote yo chita a. Pa gen yon ti kote ki pa sal. 9
Y'ap pale sou mwen, y'ap di: Ki moun l'ap moutre tout
bagay sa yo? Ki moun l'ap fè konprann sa Bondye fè l'
konnen an? Gen lè se pou timoun ki fèk sevre, timoun ki
fèk kite tete? 10 Tankou pwofesè lekòl, l'ap repete lèt
apre lèt, liy apre liy, leson apre leson. 11 Si yo pa koute
m', Bondye pral voye yon bann moun k'ap pale yon lòt
lang yo p'ap konprann menm pou pale ak yo. 12 Se li
menm ki te ban nou yon kote pou n' poze kò nou, yon
peyi kote tout moun ki bouke ka jwenn kanpo, yon peyi
kote moun ka viv ak kè poze, men nou derefize koute.
13 Se poutèt sa, Seyè a pral pale ak nou, l'ap repete lèt
apre lèt, liy apre liy, leson apre leson. Lè sa a, n'a pral
bite, nou pral tonbe sou dèyè, nou pral kase pye nou, nou
pral pran nan pèlen, y'ap fè nou prizonye. 14 Se poutèt
sa, nou menm bann awogan ki chita lavil Jerizalèm pou
gouvènen pèp sa a, koute sa Seyè a di nou: 15 -N'ap fè
grandizè deske nou te pase kontra avèk lanmò, nou te
siyen papye ak chèf peyi kote mò yo ye a. N'ap plede di lè
malè a va rive li p'ap tonbe sou nou, paske avèk fòs manti
nou jwenn kote pou n' kache, avèk fòs plan nou maske
kò nou. **(Sheol h7585)** 16 Se poutèt sa, koulye a, men
sa Seyè a di: Gade! Se mwen menm menm k'ap mete
yon fondasyon byen fèm, byen solid nan lavil Siyon an.
Nan kwen fondasyon an, m'ap mete yon gwo wòch pyè
byen chita. Sou li m'ap make: moun ki gen konfyans nan
Bondye p'ap janm gen kè sote. 17 Jistis, se va mèt k'ap
sèvi pou mezire fondasyon an. Seriozite, se va nivo k'ap
sèvi pou mete l' nivo. Men, gwo van lagrèl la pral kraze
kachèt mantò yo. Dlo inondasyon an pral bwote kachkach
nou yo pote ale. 18 Li pral kraze kontra nou te pase avèk
lanmò a. Li pral chire papye nou te siyen avèk chèf peyi
kote mò yo ye a. Lè malè a vini, l'a kraze nou. **(Sheol
h7585)** 19 Malè a ap pase sou nou chak maten. N'a gen
pou n' sipòte l' lajounen kou lannwit. Chak mesaj Bondye
va fè yo konnen va ba yo sezisman. 20 Jan pawòl la di a,
n'ap tankou moun k'ap chache kouche sou yon kabann
twò kout pou yo, anba yon lenn ki manke lajè. 21 Paske
Seyè a pral leve kanpe jan l' te fè l' sou mòn Perazim lan,
li pral souke kò l' jan l' te fè l' nan plenn Gabawon an, pou
l' fè sa li vle fè a, bagay nou pa ta janm kwè, pou l' fin fè
travay li, travay nou pa ka konprann. 22 Koulye a, piga
nou pase pawòl mwen yo nan betiz pou yo pa mare nou
nan kòd pi rèd toujou. Paske, Seyè ki gen tout pouvwa a
fè m' konnen li fin pran desizyon l' pou l' detwi tout peyi a.
Li p'ap chanje lide. 23 Pare zòrèy nou! Tande sa m'ap di
nou! Koute byen pawòl k'ap soti nan bouch mwen! 24 Yon
moun k'ap travay tè p'ap janm pase tout tan l' ap raboure,
ap kraze bit, ap pare tè pou plante. 25 Rive yon lè, lè li fin
bat tè a, l'ap simen grenn tankou lanni ak kannèl. Apre sa,
l'ap plante ble, pitimi ak lòj. Lèfini, sou lizyè jaden an li
gen dwa simen lòt grenn tankou pwa chouk. 26 Li konn
sa pou l' fè, paske se Bondye menm ki moutre l' sa pou l'
fè. 27 Yo pa janm sèvi ak woulo pou degrennen lanni
osinon kannèl. Men, se avèk yon bout bwa yo bat pitimi
ak pwa. 28 Lè y'ap bat ble a pou degrennen l', yo pa bat li
san rete. Yo konnen jan pou yo fè woulo a pase sou ble a
san yo pa kraze grenn yo. 29 Tout konesans sa a se nan
Bondye ki gen tout pouvwa a li soti. Plan travay li se bèl
bagay. Li bay bon konsèy, li gen anpil bon konprann.

29 Mwen wè malè pou lotèl Bondye a, lavil Jerizalèm!
Mwen wè malè pou lavil kote David te moute kan
li an. Kite ennan, dezan konsa pase, kite tout fèt yo fin
pase, 2 Seyè a pral voye yon sèl lafliksyon sou lotèl
Bondye a. Moun pral rele, yo pral plenn. Lavil la pral
tounen yon lotèl Bondye tout bon kote y'ap ofri bèt yo
touye pou li. 3 Bondye pral atake lavil la tankou David te

fè l' la. Li pral sènen l' ak sòlda. L'ap fèmen l' toupatou. **4** Lavil Jerizalèm pral tankou yon moun anba tè k'ap pale. Pousyè tè ap toufe pawòl nan bouch li. Antan li anba tè a, l'ap pale tankou yon zonbi ak yon vwa nan nen tou fèb! **5** Men, tout lènmi ou yo pral gaye tankou pousyè nan van. Tout kantite moun ki t'ap fè ou pase tray yo pral disparèt tankou pay van ap bwote. W'ap rete konsa, **6** Seyè ki gen tout pouvwa a ap parèt sou ou, avèk gwo van loraj, tranblemanntè, ak yon pakèt gwo bri, avèk siklòn, van tanpèt ak gwo flanm dife k'ap boule. **7** Lè sa a, tout bann moun lòt nasyon yo ki t'ap fè lagè avèk lotèl Bondye a, tout gwo lame ki te anvayi peyi a, ki te sènen lavil la, ki t'ap toufounen l' kote l' te ye a, yo tout yo pral disparèt tankou yon move rèv ou t'ap fè, tankou yon vizyon w'ap fè nan mitan lannwit. **8** Wi, tout bann moun lòt nasyon yo ki t'ap fè lagè ak lavil Jerizalèm sou mòn Siyon an, y'ap tankou yon moun k'ap mouri grangou epi ki reve l'ap manje. Men, lè li leve, li grangou pi rèd. Osinon, tankou yon moun k'ap mouri swaf dlo, li reve l'ap bwè dlo. Men, lè li leve, li tou fèb, li swaf dlo pi rèd. **9** Nou pral sezi, nou pral rete bèbè! Fèmen je nou pou nou pa wè! Nou pral sou, san nou pa menm bwè. N'ap titibe san nou pa pran yon gout gwòg! **10** Paske Seyè a fè nou anvi dòmi. Li fè je nou vin lou. Pwofèt yo, se je pèp la yo ye! Li kouvri tèt nou. Divinò yo, se tèt pèp la yo ye. **11** Nou pa ka konprann tou sa Bondye fè nou konnen la a. Y'ap tankou yon liv yo sele. Si nou pote l' bay yon moun ki konn li pou nou mande l' li l' pou nou, l'ap reponn nou li pa kapab, paske liv la sele. **12** Lè ou pote l' bay yon moun ki pa konn li pou ou mande l' li l' pou ou, l'ap reponn ou li pa konn li. **13** Seyè a di: -Lè moun sa yo ap fè sèvis pou mwen, se pawòl nan bouch! Y'ap louvri bouch yo pou fè lwanj mwen, men lespri yo byen lwen. Si y'ap mache di yo gen krentif pou mwen, se pawòl granmoun lontan moutre yo y'ap repete lè konsa. **14** Se poutèt sa, mwen pral fè yon lòt seri mèvèy ak mirak devan je yo. Mwen pral detounen bon konprann moun save yo. Moun lespri yo ak tout konesans yo p'ap konprann anyen. **15** Madichon pou moun k'ap kache Seyè a sa yo gen lide fè! Y'ap fè plan yo an kachèt. Y'ap di pa gen moun ki wè yo. Pa gen moun k'ap konnen sa y'ap fè. **16** Nou vire tout bagay lanvè! Kilès ki pi konsekan, moun k'ap fè krich yo osinon tè wouj la? Eske bagay yon nonm fè ka di moun ki fè l' la se pa ou ki fè m'? Eske yon krich ka di moun ki fè l' la se moun sòt ou ye? **17** Anvan nou bat je nou, rakbwa peyi Liban tounen jaden, jaden tounen rakbwa. **18** Jou sa a, moun soudè yo va tande pawòl y'ap li nan liv. Avèg yo ki t'ap viv nan fènwa va louvri je yo, y'a wè. **19** Seyè a va fè tipitit yo gen kè kontan ankò. Bondye pèp Izrayèl la, li menm ki yon Bondye apa, va fè malere yo danse tèlman y'a kontan. **20** Paske lwijanboje a pral jwenn ak bout li. Moun ki t'ap pase Bondye nan betiz la pral disparèt. Yo pral fini ak tout moun ki t'ap chache okazyon pou fè sa ki mal, **21** moun k'ap fè inonsan peye pou koupab, moun k'ap antrave travay jij yo nan tribinal, moun k'ap bay manti pou moun serye pa jwenn jistis. **22** Se poutèt sa, koulye a, men sa Bondye pèp Izrayèl la, Bondye ki te delivre Abraram lan, di: Moun Jakòb yo p'ap janm wont ankò. Figi yo p'ap dekonpoze ankò. **23** Lè y'a wè pitit mwen menm m'ap ba yo nan kò kay yo, y'a rekonèt se yon Bondye apa mwen ye. Y'a rekonèt Bondye fanmi Jakòb la se yon Bondye apa. Y'a respekte m', y'a genyen m' krentif. **24** Moun ki te pèdi tèt yo va rive gen bon konprann. Moun ki te toujou ap bougonnen yo va kontan aprann nan men mwen.

30 Men sa Seyè a di: -Madichon pou pitit mwen yo k'ap fè tèt di ak mwen! Nan tou sa y'ap fè, se pwòp lide yo y'ap swiv, se pa lide pa m'. Y'ap siyen lòt kontra, atout mwen di yo non. Y'ap fè peche sou peche. **2** Yo desann al nan peyi Lejip san yo pa mande m' konsèy. Y' al mande farawon an pou l' pwoteje yo, y' al mete kò yo anba zèl peyi Lejip. **3** Men, farawon an p'ap ka fè anyen pou nou. Pwoteksyon peyi Lejip la ap tounen yon wont pou nou. **4** Malgre delege yo gen tan rive lavil Zoan ak lavil Anès, **5** pèp Jida a pral règrèt yo te janm mete konfyans yo nan yon pèp ki pa ka fè anyen pou yo, yon nasyon ki pa ka ni ede yo ni pote yo sekou, yon nasyon k'ap fè yo wont, yon nasyon k'ap ba yo desepsyon. **6** Men yon mesaj Bondye bay sou bèt nan dezè Negèv yo: -Delege yo ap vwayaje nan yon peyi ki gen anpil danje, kote lyon ak manman lyon rete, kote gen move sèpan ak dragon azèl. Yo chaje bourik yo ak chamo yo avèk kado pou yon nasyon ki pa ka fè anyen pou yo. **7** Paske konkou Lejip ap ba yo a p'ap sèvi yo anyen, paske li pa vo anyen, se poutèt sa mwen bay peyi a yon ti non. Mwen rele l': Dragon dan kase a. **8** Seyè a di m': -Koulye a al ekri sa moun sa yo ye a sou yon adwaz. Ekri l' nan yon woulo liv, pou sa ka toujou sèvi m' temwen kont yo pou tout tan tout tan. **9** Yo toujou ap fè tèt di ak Bondye. Se yon bann pitit ki toujou ap bay manti, ki pa vle koute lòd Bondye, Seyè a. **10** Y'ap di divinò yo: Pa di nou vizyon nou fè yo. Y'ap di pwofèt yo: Pa fè nou konnen sa nou dwe fè. Di nou bèl pawòl dous k'ap fè nou plezi. Kite nou ak sa nou kwè a. **11** Wete kò nou sou bon wout la! Fè sou kote! Pa vin pale nou sou Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa. **12** Se poutèt sa, men sa Bondye pèp Izrayèl la, Bondye apa a, ap di: Nou pa vle koute avètisman m'ap ban nou an. Nou pito met konfyans nou nan moun k'ap fè mechanste, nan moun k'ap fè bagay sou kote. Se sou yo nou apiye. **13** Enben, se nou ki va pote chay la. Nou tankou yon miray ki make fann, tankou yon gwo miray byen wo ki gen yon pati ladan l' k'ap souke, ki gonfle prèt pou tonbe. N'ap rete konsa, n'ap tonbe anvan nou bat je nou. **14** N'ap tonbe an miyèt moso tankou kannari kraze. P'ap menm gen yon moso ki ka sèvi pou ranmase chabon dife osinon pou al chache dlo nan sous. **15** Men, Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, ki yon Bondye apa, te di pèp la: Tounen vin jwenn mwen, lèfini ret trankil, n'a delivre. Ret dousman, met konfyans nou nan mwen. Se sa ki tout fòs nou. Men, nou pa t' vle. **16** Men nou te pito di: Ann moute chwal nou kouri ale. Enben, ale! Ale non! Sove kò nou!

Nou te pito di: n'a moute sou chwal ki konn kouri. Men
tou, sa k'ap kouri dèyè nou yo pral kouri pi vit pase nou!
17 Lè n'a wè yon sèl moun nan lènmi yo, mil nan nou pral
kraze rak. Lè n'a wè senk menm, se nou tout k'ap kouri
met deyò. Sèl bagay k'ap rete nan lame nou an, se va
drapo n'a kite kanpe sou tèt ti mòn lan. 18 Men, Seyè a
ap tann lè pou l' fè nou gras. Li tou pare pou l' gen pitye
pou nou, paske Seyè a, se yon Bondye k'ap toujou fè sa
ki byen! benediksyon pou moun ki mete konfyans yo nan
li. 19 Nou menm ki rete lavil Jerizalèm sou mòn Siyon
an, nou p'ap kriye ankò. Rele n'a rele l', l'a fè nou gras.
Tande l'a tande nou, l'ap reponn nou. 20 Bondye va fè
nou manje kont mizè nou, l'a fè nou pase kont tray nou,
men l'ap la pou l' moutre nou sa pou l' moutre nou an.
N'ap wè l' ak de grenn je nou, nou p'ap bezwen al chache
l' ankò. 21 Si nou chankre sou bò dwat osinon sou bò
gòch, n'a tande yon vwa nan do nou k'ap di nou: Men
bon chemen an bò isit. Se la a pou ou pase! 22 N'a pran
estati zidòl nou yo ki kouvri ak ajan ansanm ak lò sou tout
kò yo pou bagay k'ap mete nou nan kondisyon pou nou
pa ka sèvi Bondye, n'ap voye yo jete tankou vye bagay
sal, n'a di yo: Soti devan je nou! 23 Lè n'a plante grenn
nan jaden nou, Bondye va voye lapli pou l' fè yo pouse.
L'a fè tè a bay manje k'ap bon nan bouch nou, manje
k'ap ban nou fòs. N'a gen kont kote pou nou mennen bèt
nou yo al manje. 24 Towo bèf ak bourik k'ap sèvi pou
travay tè nou va jwenn bon manje pou yo manje, bon
zèb sale y'a vannen epi y'a ranmase ak fouch mete nan
depo. 25 Jou y'a kraze fò lènmi nou yo, jou y'a masakre
tout lènmi nou yo, sous dlo pral pete nan tout gwo mòn,
nan tout ti mòn koule desann. 26 Jou Seyè a pral mete
renmèd sou kote ki te blese nan pèp la, jou l'ap geri tout
kote pèp la te blese a, lalin pral klere tankou solèy, limyè
solèy la menm pral sèt fwa pi klere, ou ta di limyè sèt jou
mete ansanm. Wi, tou sa pral rive jou Seyè a. 27 Pouvwa
Bondye a pral vin soti byen lwen. Dife ak lafimen ap fè
wè jan li move. L'ap fè kòlè, pawòl li yo tankou boukan
dife nan raje. 28 Li fè van soufle, ou ta di yon ravin k'ap
desann, dlo li rive rabo. L'ap boulvèse nasyon yo jouk li
detwi yo, l'ap detounen tout move lide yo te gen nan tèt
yo. 29 Men, nou menm pèp Bondye a, nou pral chante,
nou pral fè fèt tankou nou fè l' lavèy jou fèt nou. Nou pral
kontan tankou moun k'ap jwe fif lè yo sou wout pou ale
sou mòn Seyè a, Bondye k'ap defann pèp Izrayèl la. 30
Seyè a pral fè tout moun tande fòs vwa li, li pral fè yo
santi fòs ponyèt li lè li move. Lè sa a, va gen flanm dife,
van siklòn, gwo tanpèt, lapli ak tanpèt lagrèl. 31 Moun
peyi Lasiri yo pral tranble lè y'a tande vwa Seyè a k'ap ba
yo baton. 32 Chak fwa Seyè a va ba yo yon kout baton
pou l' pini yo, y'a tande son tanbou ak son gita k'ap jwe
nan peyi Izrayèl. Se Seyè a menm ki pral goumen ak
moun Lasiri yo. 33 Depi lontan yo te pare yon gwo twou
pou dife boukan an. Se ladan l' yo pral boule wa a. Yo fè
twou a byen fon, byen laj. Yo plen l' bwa. Seyè a pral
soufle yon flanm dife melanje ak souf sou li pou boule l'.

31 Madichon pou moun k'ap desann peyi Lejip al
chache sekou! Yo mete konfyans yo nan chwal, nan
kantite cha lagè, nan fòs sòlda kavalye. Yo pa dòmi reve
Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa. Yo pa chache
pwoteksyon bò Seyè a. 2 Men tou, Seyè a konn sa l'ap fè.
L'ap voye malè sou mechan yo, li p'ap chanje pawòl. L'ap
pini mechan yo ansanm ak moun k'ap pwoteje mechan
yo. 3 Moun Lejip yo, se moun yo ye, yo pa bondye. Chwal
yo tankou tout chwal. Se pa chwal Bondye voye! Seyè a
pral lonje men l', moun k'ap bay pwoteksyon an ap bite,
moun k'ap chache pwoteksyon an ap tonbe. Y'ap mouri
ansanm! 4 Men sa Seyè a di m' ankò: -Menm jan yon
gwo lyon osinon yon ti lyon ap gwonde lè li fin pran yon
bèt, tout gadò yo te mèt mete ansanm pou goumen ak li,
yo te mèt rele, sa p'ap fè l' pè, yo te mèt anpil, sa p'ap
kraponnen l', konsa tou, Seyè ki gen tout pouvwa a pral
desann pou l' pran defans mòn Siyon an ak ti mòn ki
pou li a. 5 Menm jan zwezo louvri zèl li anwo nich li pou
pwoteje pitit li, konsa tou Seyè ki gen tout pouvwa a pral
louvri zèl li pwoteje lavil Jerizalèm. L'ap pwoteje l', l'ap
delivre l', l'ap pran defans li, l'ap sove l'. 6 Nou menm pèp
Izrayèl, nou te vire do ban mwen, nou te kenbe tèt ak
mwen anpil. Koulye a, tounen vin jwenn mwen! 7 Jou sa
a, n'a voye jete tout bann vye zidòl nou te fè an ajan ak
an lò ak men plen san nou yo. 8 Lagè pral fini ak peyi
Lasiri, men se pa moun ki pral fè lagè avè l'. Lè batay la, li
pral kouri met deyò, men y'ap pran tout jenn gason l' yo
fè yo tounen esklav. 9 Wa a menm pral kouri met deyò
sitèlman l'ap pè. Yon sèl latranblad pral pran chèf lagè li
yo, y'ap lage drapo yo atè kouri ale. Seyè a pale, se pou li
dife k'ap boule sou mòn Siyon an, se pou li gwo boukan ki
nan lavil Jerizalèm lan.

32 Yon jou, va gen yon wa k'ap gouvènen peyi a san
patipri. Chèf yo va dirije peyi a jan sa dwe fèt. 2
Yo chak pral tankou kote moun al kache pou move van,
tankou kote moun al kache pou van tanpèt. Y'ap tankou
yon sous dlo k'ap koule nan dezè, tankou yon kokenn
wòch k'ap bay lonbray kote ki pa gen dlo. 3 Je tout moun
va louvri pou yo wè sa k'ap pase. Zòrèy tout moun va
louvri pou yo konnen sa k'ap fèt nan peyi a. 4 Moun kè
cho yo va pran san yo pou yo konprann anvan yo aji.
Moun bege yo pral pale byen klè pou tout moun konprann.
5 P'ap gen moun k'ap asepte pran moun sòt pou moun
debyen, ni bakoulou pou bon moun. 6 Moun sòt yo ap
plede di yon bann vye koze san sans. Y'ap fè move lide
nan tèt yo. Konsa, y'ap fè bagay Bondye pa vle moun fè,
y'ap bay manti sou Bondye. Yo p'ap janm bay moun ki
grangou yon ti manje, yo p'ap janm bay moun ki swaf dlo
yon ti gout dlo pou yo bwè. 7 Bakoulou, se koken k'ap fè
mechanste. L'ap fè move plan nan tèt li pou l' woule pòv
malere yo anba manti, pou l' enpoze endijan yo jwenn
jistis. 8 Men, bon moun, se toujou sa ki byen l'ap chache
fè, li p'ap janm fè anyen ki pa sa. 9 Nou menm medam
k'ap viv alèz yo, leve non. Koute sa m'ap di! Nou menm
medam ki san pwoblèm yo, louvri zòrèy nou tande sa

m'ap di: **10** Bann paresèz, nan ennan ankò, nou pral nan
kont traka nou, paske p'ap gen rezen pou nou keyi, p'ap
gen rekòt rezen k'ap fèt. **11** Bann byennerèz, nou pral nan
ka! Bann paresèz, nou pral tranble! Wete rad sou nou,
rete toutouni, mare ren nou ak ranyon, **12** paske nou pral
nan lapenn lè n'a chonje bèl jaden ak bèl grap rezen nou
yo, lè n'a wè se pikan ak raje k'ap pouse nan tout jaden
pèp mwen an. **13** Nou pral kriye lè n'a chonje tout kay
kote moun yo te konn gen kè kontan nan lavil ki te gen
anpil aktivite a. **14** Kay wa a ap rete san pesonn ladan l'.
Tout moun pral kouri kite kapital la. Bit mòn Ofèl la ak fò ki
t'ap pwoteje l' la pral tounen savann pou tout tan. Se la
bourik mawon pral pran plezi yo, se la kabrit ak mouton
pral chache manje. **15** Men, Bondye gen pou l' voye lespri
li desann sou nou ankò. Dezè a va tounen yon bon venn
tè. Jaden nou yo va bay bèl rekòt. **16** Toupatou nan peyi
a, nan dezè a kou nan jaden yo, p'ap gen lenjistis, ni
patipri. **17** Paske tout moun ap fè sa ki dwat, y'a viv ak kè
poze, san danje ni malè pou tout tan. **18** Pèp Bondye
a va rete lakay yo ak kè poze, san danje. Yo p'ap gen
pwoblèm. **19** Men lagrèl pral tonbe sou gwo rakbwa a. Yo
pral kraze lavil la. **20** Ala kontan n'a kontan jwenn kont dlo
nou pou fè jaden! Lè sa a, nou p'ap bezwen mete bèf ak
bourik nou yo nan kòd ankò!

33 Madichon pou lènmi nou yo! Y'ap devalize nou,
pesonn pa devalize yo. Y'ap trayi nou, pesonn pa
trayi yo. Men tou, lè y'a fin devalize nou, moun va devalize
yo tou! Lè y'a fin trayi nou, moun va trayi yo tou! **2** Seyè,
pitye pou nou! Se nan ou nou mete tout espwa nou!
Pwoteje nou jou apre jou! Delivre nou lè nou anba tray!
3 Lè w'ap goumen pou nou, tande lòt nasyon yo tande
bri lagè a, yo kouri met deyò, yo gaye. **4** Tankou krikèt
nan jaden, nou kouri lage kò nou sou tou sa yo genyen,
nou ranmase tout bagay pote ale. **5** Ala pouvwa Seyè a
genyen! Li donminen sou tout bagay! L'ap fè tout moun
mache dwat nan lavil Jerizalèm. Pesonn p'ap fè lenjistis
sou mòn Siyon an. **6** Li p'ap kite anyen rive pèp la ankò.
Sa k'ap toujou sove yo, se va bon konprann ak konesans
Bondye ap ba yo a. Pi gwo richès yo, se krentif y'a gen
pou Seyè a. **7** Vanyan gason ap rele anmwe. Moun yo te
voye pou siyen lapè yo ap kriye ak gwo lapenn nan kè
yo. **8** Nanpwen pesonn sou granchemen yo. Moun pa
vwayaje ankò. Lènmi yo pa respekte kontra yo te siyen
an, yo pa kenbe dizon yo. Y'a manke tout moun dega. **9**
Peyi a nan lapenn, l'ap deperi. Nan peyi Liban, moun pa
konn sa pou yo fè. Gwo rakbwa yo ap cheche. Bèl plenn
peyi Sawon an tounen savann. Nan tout peyi Bazan ak
peyi Kamèl, tout pyebwa ap pèdi fèy. **10** Seyè a pale ak
lòt nasyon yo, li di yo: -Koulye a, m'ap leve kanpe, m'ap
fè nou wè jan m' gen pouvwa, jan m' gen fòs kouraj. **11**
N'ap fè yon bann lide nan tèt nou ki pa vo anyen. Se nou
menm ankò k'ap touye tèt nou. **12** M'ap boule nou tankou
yo boule wòch pou fè lacho, tankou pikan chèch yo jete
nan dife. **13** Se pou tout moun, ni sa ki pre ni sa ki lwen,
tande sa mwen te fè. Se pou tout moun konnen jan m' gen
pouvwa. **14** Nan lavil Siyon, moun k'ap fè sa ki mal yo pral
gen kè sere. Moun ki refize fè sa Bondye mande a pral
tranble. Y'ap di: Jijman Bondye se tankou yon gwo dife
k'ap boule san rete. Kilès nan nou ki ka chape anba yon
dife konsa? **15** Moun k'ap chape, se moun k'ap mache
dwat yo, moun ki pa nan bay manti, moun ki pa sèvi ak
pouvwa yo pou pwofite sou lòt moun, moun ki pa asepte
lajan sou kote, moun ki pa dakò ak moun k'ap fè plan pou
fè mechanste, moun ki pa mele ak moun k'ap fè sa ki mal.
16 Se moun konsa ki pral rive nan lavi. Tankou yon moun
ki nan yon gwo fò byen wo, anyen p'ap rive l': l'ap toujou
jwenn manje pou l' manje ak dlo pou l' bwè. **17** Yon jou,
n'a wè yon wa k'ap gouvènen nan mitan yon bann bèl
bagay, nan yon gwo gwo peyi. **18** Lè sa a, n'a chonje
sa ki te konn fè nou pè a. Nan kè nou, n'a mande: Kote
prepoze kontribisyon yo? Kote kontwòlè mache yo? Kote
moun ki t'ap mache enspekte fò yo? **19** Nou p'ap wè bann
moun awogan sa yo ankò, bann moun ki soti lòt peyi, ki
pale lòt lang ou pa ka menm konprann, yon lang k'ap
kòche zòrèy ou. **20** Voye je ou gade lavil Siyon, kote nou
fè gwo fèt nou yo! Gade lavil Jerizalèm! Yon bon kote pou
moun rete san kè sote. L'ap tankou yon tant yo p'ap janm
demoute, pikèt li yo p'ap janm rache, kòd li yo p'ap janm
kase. **21** Se la Seyè a pral fè nou wè pouvwa li. M'ap
rete bò gwo larivyè a ak gwo kannal dlo yo, men ankenn
kannòt, ankenn batiman lènmi p'ap ka pase ladan yo. **22**
Paske, se Seyè a menm k'ap chèf nou, se li menm k'ap
gouvènen nou, se li ki wa nou, se li k'ap delivre nou. **23**
Tout kòd batiman yo p'ap sèvi yo anyen. Ma yo pèdi fòs,
vwal yo pa ka louvri. Y'ap piye tou sa lènmi yo te pote sou
batiman yo. Ata moun enfenm pral nan piyay la tou. **24**
Pesonn nan peyi a p'ap plenyen di li malad ankò. Bondye
pral padonnen peche tout moun ki rete lavil Jerizalèm.

34 Nou menm moun tout nasyon yo, pwoche pou n'
koute! Tout pèp sou latè, louvri zòrèy nou! Se pou
tout moun ansanm ak tout bagay ki sou latè yo koute! **2**
Seyè a fache sou tout nasyon yo nèt, ansanm ak lame
sòlda yo. Li kondannen yo tout pou yo mouri, pou yo
touye yo tankou bèt y'ap ofri pou touye pou li. **3** Yo p'ap
antere kadav moun mouri yo. Y'ap kite yo pouri santi.
Tout mòn yo pral wouj ak san. **4** Tou sa ki nan syèl la,
solèy, lalin ak zetwal yo, pral disparèt. Yo pral woule syèl
la tankou yon woulo papye pote ale. Tou sa ki nan syèl la
pral tonbe tankou fèy pye rezen ak fèy pye fig frans lè y'ap
jete fèy. **5** Nan syèl la, nepe Seyè a mande san. Men l'ap
desann sou peyi Edon an pou l' pini moun mwen menm,
Seyè a, mwen te kondannen pou mouri. **6** Nepe Seyè a
pral benyen ak san yo tankou san mouton ak san bouk yo
touye pou li. Li pral kouvri ak grès tankou grès wonyon
belye yo touye pou li. Yo pral fè yon ofrann bèt pou Seyè
a lavil Bozra. Yo pral fè yon gwo masak nan peyi Edon. **7**
Moun pral mouri tankou gwo towo bèf mawon ak jenn ti
towo. Tè a pral plen san, li pral kouvri ak grès. **8** Paske,
se jou Seyè a pral pran revanj li sou lènmi peyi Siyon yo.
Se jou li pral fè yo peye sa yo te fè a, pou l' ka delivre

moun Siyon yo. 9 Tout dlo larivyè nan peyi Edon pral
tounen goudwon. Pousyè tè a ap tounen souf. Tout peyi a
pral boule tankou goudwon. 10 L'ap boule lajounen kou
lannwit. Lafimen pral soti ladan l' tout tan san rete. Tè a
ap tounen savann pou tout tan tout tan. Moun p'ap janm
pase la ankò. 11 Se la koukou ak frize pral fè nich yo. Se
la kaou ak malfini pral rete. Seyè a pral fè l' tounen yon
dezè san anyen ladan li. 12 P'ap gen grannèg pou chwazi
wa ankò pou gouvènen peyi a, tout chèf yo ap disparèt.
13 Pikan pral pouse nan tout palè l' yo, kwòkachen ak
chadwon pral pouse nan tout fò yo. Se la chen mawon
pral rete. Se la otrich pral fè nich yo. 14 Bèt k'ap viv nan
dezè yo pral kontre ak chen mawon. Mal yo, yonn pral
rele lòt. Se la lagrandyab la pral rete. Se la l'a jwenn yon
kote pou l' poze kò l'. 15 Se la koulèv pral fè nich yo, se la
y'ap ponn. Se la y'ap kouve ze yo, se la y'ap okipe pitit yo.
Se la malfini karanklou yo pral sanble. 16 Ale gade nan liv
Bondye a. Li sa ki ladan l'. Pa manke yon sèl nan tout bèt
li kreye yo. Yo yonn pa pèdi parèy yo. Se Seyè a menm ki
bay lòd sa a. Se lespri li k'ap mete yo ansanm yonn ak
lòt. 17 Se li menm menm ki pral separe tè a ba yo chak
pòsyon pa yo. Y'ap rete nan peyi a pou tout tan. Peyi a va
rele yo pa yo jouk sa kaba.

35 Dezè ak tè sèk pral kontan yon sèl kontan. Savann
yo pral kontan tou, yo pral fleri. 2 Dezè pral kouvri
ak flè, yo pral fè fèt. Yo pral chante. Yo pral gen gwo
pyebwa tankou mòn Liban. Yo pral plen bèl pyebwa
tankou mòn Kamèl ak mòn Sawon. Tout moun va wè gwo
pouvwa Seyè a. Y'a wè bèl bagay Bondye nou an fè. 3
Ankouraje moun ki febli yo! Soutni moun ki gen jenou yo
ap tranble! 4 Pale ak moun ki dekouraje yo. Di yo konsa:
Pran kouraj! Pa pè! Men Bondye nou an ap vini! Li pral
tire revanj sou lènmi nou yo, li pral fè yo peye sa yo fè. Se
limenm menm ki pral fè sa pou l' ka delivre nou. 5 Je
avèg yo pral louvri. Zòrèy moun soudè yo pral debouche.
6 Moun enfim nan pye yo pral sote ponpe tankou kabrit.
Lang bèbè yo pral lage. Yo pral chante. Sous dlo pral pete
toupatou nan tout dezè. Dlo pral koule nan tout savann. 7
Kote sab la te cho a pral tounen yon letan. Tè sèk yo
pral plen sous dlo. Kote chen mawon te konn rete a se la
wozo ak jon pral pouse an kantite. 8 Pral gen yon bèl
wout pase la. Y'ap rele l': Wout Bondye a! Moun k'ap fè sa
ki mal p'ap pase nan wout sa a. Se va sèlman pou moun
ki mache dwat yo. Wi, pou yo ase. Ankenn bakoulou p'ap
ka detounen moun k'ap swiv chemen sa a. 9 P'ap gen
lyon sou wout sa a. P'ap gen bèt bwa k'ap pase la. Se
moun Seyè a delivre ase ki pral vwayaje sou li. P'ap gen
lòt moun ankò! 10 Moun Seyè a te delivre yo pral tounen.
Y'ap rive lavil Siyon ak chante nan bouch yo, ak kè kontan
make sou figi yo. Tout moun pral kontan, yo pral fè fèt.
Moun p'ap nan lapenn. Ou p'ap tande plenyen ankò!

36 Ezekyas te gen katòzan depi li t'ap gouvènen peyi
Jida lè Senakerib, wa peyi Lasiri, vin atake tout lavil
nan peyi Jida ki te gen gwo ranpa pou pwoteje yo. Li pran
yo. 2 Apre sa, li bay chèf gad palè li a lòd pou li kite lavil
lakis ak yon gwo lame pou l' moute lavil Jerizalèm ale
bò kote wa Ezekyas. Chèf gad palè a rive sou wout ki
mennen nan jaden kote yo rense twal ki fenk tenn yo,
li moute kan li toupre gwo kannal ki bay dlo nan sitèn
anwo lavil la. 3 Twa moun Jida soti vin jwenn li. Se te
Elyakim, pitit Ilkija a, ki te chèf moun k'ap travay nan
palè a, Chebna, sekretè a, ak Joak, pitit Asaf la, ki te
reskonsab achiv leta a. 4 Chèf gad palè wa Lasiri a di yo
konsa: -Ale di wa Ezekyas men mesaj gran wa a, wa peyi
Lasiri a, voye ba li: Poukisa ou gen tout konfyans sa a? 5
Ou konprann ou ka fè lagè ak bèl pawòl ase san ou pa
bezwen entèlijans ak bon sòlda? Sou ki moun ou apiye
kò ou pou ou kenbe tèt ak mwen konsa? 6 Ou al mete
konfyans ou nan peyi Lejip! Yon baton wozo tou kase!
Anvan ou apiye sou li, l'ap antre nan men ou, l'ap blese
ou. Farawon an, wa peyi Lejip ou wè a, se konsa li ye pou
tout moun ki fè l' konfyans. 7 Nou pral di m' koulye a se
nan Seyè a, Bondye nou an, nou mete konfyans nou! Atò,
se pa kote nou te mete apa pou li yo ansanm ak tout lotèl
li yo wa Ezekyas te fè disparèt nan peyi a, lèfini li mande
pou tout moun peyi Jida ak moun lavil Jerizalèm vin adore
devan yon sèl lotèl la? 8 Antann nou avèk mèt mwen
an, wa peyi Lasiri a. Lèfini, m'ap ban nou demil chwal si
nou ka jwenn demil sòlda pou moute yo. 9 Ou pa menm
gen moun ase pou bat yonn nan pi piti chèf ki sou lòd wa
mwen an! Epi, se sou peyi Lejip w'ap konte jwenn cha
lagè ak kavalye pou fè lagè! 10 Epitou, pa konprann se
san konsantman Seyè a mwen vin atake peyi a pou m'
detwi l'. Se Seyè a menm ki di m' vin atake peyi ou la pou
m' detwi l'. 11 Lè sa a, Elyakim, Chebna ansanm ak Joak
di chèf gad palè a: -Tanpri, mèt. Pale lang arameyen ak
nou. Nou konprann lang sa a. Men pa pale ebre. Tout
moun ki sou miray la ap koute. 12 Men chèf gad palè a di
yo an ebre: -An! Nou konprann se avè wa nou an ansanm
ak nou twa la a ase wa mwen an voye m' vin pale pawòl
sa yo? Non. Se ak tout moun ki chita sou miray la menm
m'ap pale. Yo menm tou pral manje poupou yo, yo pral
bwè pipi yo ansanm ak nou! 13 Lè sa a, chèf gad palè a
kanpe, li pran pale byen fò an ebre, li di: -Koute sa gran
wa a, wa peyi Lasiri a, voye di nou: 14 Li voye di nou pa
kite Ezekyas twonpe nou. Li pa ka sove nou tande! 15 Pa
kite l' pran tèt nou lè l'ap di nou nou mèt sèten Seyè a pral
sove nou, li p'ap lage lavil la nan men wa peyi Lasiri a. 16
Pa koute wa Ezekyas! Wa peyi Lasiri a mande pou nou fè
lapè avè l', pou nou rann tèt nou ba li. Konsa, nou tout n'a
manje rezen nan jaden rezen nou, n'a manje fig frans nan
pye fig frans nou, n'a bwè dlo nan pi nou. 17 Lè wa a va
vin isit la, l'a pran nou, l'a mennen nou nan yon lòt peyi ki
tankou peyi pa nou an, yon peyi kote ki gen anpil ble pou
fè farin ak anpil rezen pou fè diven. 18 Pa kite Ezekyas
pran tèt nou pou nou kwè Seyè a va delivre nou. Eske
bondye lòt nasyon yo te delivre yo anba men wa peyi
Lasiri a? 19 Kote bondye moun Amat yo ak bondye moun
Apad yo? Kote bondye moun Sefavayim yo? Eske yo te

sove peyi Samari anba men l'? 20 Nan tout bondye sa yo,
kilès ki te rive sove yonn nan peyi sa yo anba men l'?
Atò, se Seyè a ki ta ka sove lavil Jerizalèm anba men l'?
21 Men pèp la pa louvri bouch li reponn. Yo pa di yon
mo paske wa a te bay lòd pou pesonn pa reponn. 22
Apre sa, Elyakim, pitit Ilkiya a, ki te chèf moun k'ap travay
nan palè a, Chebna, sekretè a, ak Joak, pitit Asaf la, ki te
reskonsab achiv leta a, chire rad sou yo sitèlman sa te fè
yo lapenn. Yo tounen al jwenn Ezekyas, yo rapòte l' tou
sa chèf gad palè wa Lasiri a te di.

37 Lè wa Ezekyas tande pawòl sa yo, li chire rad sou
li sitèlman sa te fè l' lapenn, li mete yon rad sak sou
li, epi li al nan tanp Seyè a. 2 Li voye Elyakim, chèf moun
k'ap travay nan palè a, ak Chebna, sekretè a, ansanm ak
chèf prèt yo bò kote pwofèt Ezayi, pitit Amòz la. Yo tout te
gen rad sak sou yo. 3 Men mesaj Ezekyas te ba yo pou
Ezayi: -Jòdi a se yon jou malè pou nou! Bondye ap pini
nou. Se yon wont pou nou. Nou tankou yon fanm ansent
ki deja kase lezo men ki pa gen fòs pou li pouse pitit la
soti. 4 Wa peyi Lasiri a te voye chèf gad palè li a manke
Bondye vivan an dega. Se pou Seyè a, Bondye ou la,
tande tout jouman sa yo. Se pou l' pini moun ki di pawòl
sa yo. Ou menm, se pou ou lapriyè pou rès moun pèp
nou an ki vivan toujou. 5 Moun wa Ezekyas yo al jwenn
Ezayi. 6 Men repons Ezayi ba yo pou wa Ezekyas: -Men
sa Seyè a voye di ou: Ou pa bezwen pè tout pawòl ou
tande yo, tout jouman moun wa Lasiri yo di sou mwen. 7
Mwen pral fè wa Lasiri a tande yon sèl nouvèl, li pral kouri
tounen nan peyi l'. Rive li rive, m'ap fè touye l'. 8 Chèf
gad palè a te vin konnen wa Lasiri a te pati kite Lakis
pou l' te al atake lavil Libna. Se la li al jwenn wa a. 9
Paske wa a te pran nouvèl Tiraka, wa peyi Letiopi a, t'ap
moute vin atake l'. Wa a voye lòt mesaje ankò bò kote
Ezekyas. 10 Li di yo: -Men mesaj n'a bay Ezekyas, wa
Jida a, pou mwen. Ou mèt tande Bondye ou la, Bondye
ou fè konfyans lan, di ou Jerizalèm p'ap tonbe nan men
wa Lasiri a, pa kite l' twonpe ou. 11 Ou te pran nouvèl sa
wa Lasiri yo te fè tout lòt peyi yo. Yo te soti pou detwi yo
nèt. Atò, se ou menm ki pou ta chape anba men m'! 12 Lè
zansèt mwen yo te touye dènye moun nan lavil Gozan,
lavil Aran, lavil Rezèf ak moun Betedenn yo ki rete lavil
Tèlasa, èske bondye nasyon sa yo te delivre yo? 13 Kote
wa lavil Amat la, wa lavil Apad la, wa lavil Sefarayim lan,
wa lavil Ena ak wa lavil Iva? 14 Ezekyas pran lèt la nan
men mesaje yo, li li l'. Apre sa, li pati al nan tanp lan, li
mete lèt la devan lotèl Seyè a. 15 Epi li vire bò Seyè a, li
lapriyè, li di l': 16 -Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp
Izrayèl la, ou menm ki chita sou fotèy zanj cheriben yo
ap pote sou zepòl yo a, se ou menm sèl Bondye k'ap
gouvènen tout peyi sou latè. Se ou menm ki fè syèl la ak
latè a. 17 Panche zòrèy ou, Seyè, pou ou tande. Louvri je
ou pou ou wè. Koute tou sa Senakerib voye di pou manke
Bondye vivan an dega. 18 Nou konnen, Seyè, wa peyi
Lasiri yo te fini ak anpil nasyon, yo te detwi peyi yo. 19 Yo
te boule tout bondye yo paske se pa t' bondye yo te ye.
Se estati fèt an bwa ak wòch moun te fè ak men yo. Se
poutèt sa yo te rive detwi yo. 20 Koulye a, Seyè, Bondye
nou an, tanpri, delivre nou anba men Senakerib, pou tout
nasyon ki sou latè ka konnen se ou menm sèl, Seyè, ki
Bondye. 21 Lè sa a, Ezayi, pitit Amòz la, voye mesaj sa a
bay Ezekyas. -Ou te lapriyè Seyè a, Bondye pèp Izrayèl
la, pou Senakerib, wa peyi Lasiri a. Men repons li voye
ba ou. 22 Men pawòl Seyè a di sou li: Senakerib, lavil
Jerizalèm ki sou mòn Siyon an ap ri ou, l'ap pase ou nan
rizib. Moun lavil Jerizalèm yo ap rele chalbari dèyè ou. 23
Ki moun ou konprann ou derespekte, ou joure konsa? Sou
ki moun ou pale fò konsa? Se sou Bondye pèp Izrayèl la
ki yon Bondye apa. 24 Ou voye moun ou yo vin manke
Bondye dega. Ou deklare: O wi, avèk tout kantite cha lagè
m' yo, mwen moute sou tèt tout mòn ata sou mòn Liban
an. Mwen koupe pi gwo pye sèd li yo, pi bèl pye sikren li
yo, mwen rive jouk anwo nèt sou tèt li, nan mitan rakbwa
li yo ki tankou bèl jaden. 25 Mwen fouye pi nan peyi moun
lòt nasyon yo, mwen bwè dlo. Mwen cheche dlo nan tout
larivyè Lejip yo pou sòlda mwen yo pase san pye yo pa
mouye. 26 Ou pa t' konnen gen lontan depi mwen te fè
lide pou tou sa te rive? Gen lontan depi sa te nan tèt
mwen? Koulye a, mwen kite sa rive, pou ou te ka kraze
tout lavil ak ranpa yo pou fè yo tounen yon pil demoli. 27
Moun ki te rete la yo te san fòs. Yo te pè, yo pa t' konn sa
pou yo fè. Yo te tankou raje nan jaden, tankou zèb gazon,
tankou raje k'ap pouse sou do kay, tankou pye mayi ki
cheche anvan li mete zepi. 28 Mwen konnen lè ou leve,
mwen konnen lè ou chita. Mwen konnen lè ou soti, mwen
konnen lè ou antre. Mwen konnen lè ou fin anraje sou
mwen. 29 Koulye a, mwen vin konnen jan ou move sou
mwen, jan ou vin awogan. Se poutèt sa, mwen mete yon
fè won nan bwa nen ou, ak yon mò nan bouch ou. Mwen
pral fè ou pran menm chemen ou te pran pou vini an pou
ou tounen. 30 Apre sa, Ezayi di wa Ezekyas konsa: -Men
sa ki pral sèvi yon siy pou ou. Lanne sa a, n'a manje rès
grenn ki te tonbe atè. Lanne k'ap vini apre sa a, n'a manje
grenn nou pa t' plante. Men, apre sa ankò, n'a ka plante,
n'a ka fè rekòt. N'a plante pye rezen, n'a manje rezen. 31
Rès moun peyi Jida ki va chape yo va pran pye ankò. Y'a
kanpe ankò. 32 Va gen yon ti rès moun nan lavil Jerizalèm
ak sou mòn Siyon an ki va chape. Se Seyè ki gen tout
pouvwa a ki soti pou fè sa, paske li renmen ou anpil. 33
Men sa Seyè a di sou wa peyi Lasiri a: Li p'ap mete pye l'
nan lavil sa a. Li p'ap gen tan voye yon sèl grenn flèch
sou li. P'ap gen yon sèl sòlda ak plak pwotèj k'ap pwoche
bò kote l'. Ni yo p'ap fouye twou pou sènen l'. 34 Chemen
li te pran pou l' vini an, se li menm l'ap pran pou l' tounen.
Li p'ap mete pye l' nan lavil sa a. Se mwen menm, Seyè a
menm, ki di sa. 35 M'ap pwoteje lavil sa a, m'ap delivre l'
pou m' fè respè tèt mwen, pou m' kenbe pwomès mwen
te fè David, sèvitè m' lan. 36 Zanj Seyè a al nan kan
moun Lasiri yo, li touye sankatrevensenk mil sòlda. Nan
maten, lè moun leve, se kadav yo ase yo jwenn. Yo tout

te mouri. 37 Senakerib, wa peyi Lasiri a, leve, li pati. Li
tounen lavil Niniv. 38 Yon jou, antan wa a t'ap fè sèvis nan
tanp Niswòk, bondye li a, de nan pitit gason l' yo touye l'
ak nepe yo, epi yo kouri al kache nan peyi Arara. Yo te
rele Adramelèk ak Sarezè. Se yon lòt nan pitit gason l' yo
ki te rele Asaradon, ki te vin moute wa nan plas li.

38 Vè menm epòk sa a, Ezekyas tonbe malad, li te
prèt pou l' mouri. Pwofèt Ezayi, pitit Amòz la, vin wè
li, li di l' konsa: -Men sa Seyè a voye di ou: Ou mèt mete
lòd nan zafè ou paske ou pral mouri. Pa gen rechap pou
ou. 2 Ezekyas vire figi li bay panno a fas, li lapriyè Seyè a.
3 Li di: -Tanpri, Seyè! Chonje jan mwen te sèvi ou ak tout
kè mwen san m' pa janm vire do ba ou! Mwen te toujou fè
sa ou te vle m' fè. Epi li pran kriye kont kriye l'. 4 Lè sa a,
Seyè a pale ak Ezayi, li di l' konsa: 5 -Tounen al jwenn
Ezekyas. W'a di l' pou mwen, men sa Seyè a, Bondye
David, zansèt ou a, voye di ou: Mwen tande lapriyè ou.
Mwen wè jan sa fè ou mal. M'ap kite ou viv kenzan ankò.
6 M'ap delivre ou ansanm ak lavil Jerizalèm anba men wa
Lasiri a. M'a pran defans lavil la. 7 Ezayi reponn li: -Men
siy Seyè a pral fè ou wè pou ou ka konnen l'ap kenbe
pawòl li. 8 Gade kadran solèy wa Akaz te fè a. Seyè a
pral fè lonbraj la fè bak sou dis ti mak. Epi vre, lonbraj la
mache fè bak sou dènye dis ti mak li te fin depase. 9 Men
kantik Ezekyas, wa a, te chante lè li refè apre maladi li a:
10 Mwen t'ap di nan kè m' se mwatye nan lavi m' ase
mwen viv. Gade mwen gen tan pral mouri. Mwen rive nan
pòt pou m' antre kote mò yo ye a. M'ap mouri anvan lè m'.
(Sheol h7585) 11 Mwen te kwè mwen pa t'ap janm gen
chans ankò pou m' te wè Seyè a sou latè kote moun vivan
yo ye a, ni pou m' te wè pesonn ankò nan moun k'ap
viv sou latè. 12 Tankou yon ti kay jaden, yo rache m', yo
demoli m' pote m' ale. Yo koupe lavi m' tankou yo koupe
fil nan metye moun k'ap tise twal yo. Soti nan maten rive
aswè, m'ap deperi. 13 Tout lannwit m'ap rele anba doulè.
Tankou yon lyon, Bondye t'ap kraze tout zo nan kò m'. Soti
nan maten rive nan aswè, m'ap deperi. 14 M'ap plenn tou
piti tankou ranmye. M'ap plenyen tankou yon toutrèl. Je
m' bouke tank m'ap gade syèl la. Seyè, mwen pa kapab
ankò! Vin fè kichòy pou mwen non! 15 Kijan pou m' pale
avè l'? Sa pou m' di l'? Se Seyè a k'ap fè travay li. Malgre
tout lapenn sa a ki nan kè m' lan, m'a debat ak lavi a jouk
mwen mouri. 16 Seyè! nan bon kè ou, ou fè m' jwi lavi.
Souf lavi a nan mwen toujou. W'ap geri m', w'ap ban m'
lavi. 17 Ou wete m' nan kè sere m' te ye a. Se ou menm ki
wete m' nan bouch twou a. Ou voye tout peche m' yo jete
dèyè do ou. 18 Yo pa fè lwanj ou kote mò yo ye a. Non.
Moun mouri pa ka fè fèt pou ou! Moun ki deja desann
kote mò yo ye a pa ka konte sou ou pou ou kenbe pawòl
ou. **(Sheol h7585)** 19 Se moun ki vivan ase ki ka fè lwanj
ou tankou mwen menm jòdi a. Granmoun va fè pitit yo
konnen jan ou toujou kenbe pawòl! 20 Seyè a delivre m'!
N'a fè mizik sou tout enstriman mizik nou yo n'a chante
nan kay Seyè a pandan tout lavi nou. 21 Ezayi mande
pou yo fè yon kataplas ak fig frans mete sou kote wa a
malad la, pou li ka geri. 22 Lè sa a, wa Ezekyas mande: -
Kisa k'ap fè m' konnen m'a ka al nan tanp lan ankò?

39 Nan menm epòk sa a, wa peyi Babilòn lan,
Mewodak-Baladan, pitit gason Baladan, vin konnen
wa Ezekyas te malad epi li refè. Li voye yon lèt ba li
ansanm ak yon kado. 2 Ezekyas te kontan jès la. Li
moutre mesaje wa Babilòn te voye yo tout richès li yo:
pyès an ajan, lò, epis, boutèy odè, zam ansanm ak tout lòt
bagay li te gen nan depo l' yo. Li fè yo wè dènye bagay li
te gen lakay li ak nan tout peyi a. 3 Lè sa a, pwofèt Ezayi
al jwenn wa Ezekyas, li mande l': -Kote mesye sa yo soti?
Kisa yo di ou? Ezekyas reponn: -Yo soti nan yon peyi
byen lwen, yo soti nan peyi Babilòn. 4 Ezayi di l' konsa: -
Kisa yo wè nan palè a? Ezekyas reponn li: -Yo wè tou sa
ki nan palè a. Mwen fè yo wè dènye bagay mwen gen
nan depo m' yo. 5 Ezayi di wa Ezekyas konsa: -Koute
mesaj Seyè ki gen tout pouvwa a voye ba ou: 6 Yon lè
gen pou rive. Lè sa a, y'ap pran dènye bagay ki nan palè
ou la, tou sa zansèt ou yo te anpile jouk jounen jòdi a,
y'ap pote yo ale nan peyi Babilòn. Yo p'ap kite anyen. Se
Seyè a menm ki di sa. 7 Y'ap pran kèk nan pwòp pitit pitit
ou yo, y'ap depòte yo, y'ap chatre yo pou yo ka sèvi nèg
konfyans nan palè wa Babilòn lan. 8 Ezekyas reponn
Ezayi, li di l' konsa: -Mesaj Bondye ba ou pou di m' lan
gen tan bon. Men li t'ap di nan kè l': Depi pa gen boulvès,
depi pa gen lagè nan peyi a tout tan m'ap viv la!

40 Ankouraje pèp mwen an, ankouraje l'! Se Bondye
nou an ki di sa! 2 Souke kouraj moun lavil Jerizalèm
yo! Fè yo konnen yo soufri kont yo atò. Yo fin peye pou sa
yo te fè. Seyè a pini yo kont yo pou tout peche yo te fè yo.
3 Tande vwa yon moun k'ap rele byen fò: -Pare chemen
Seyè a nan dezè a. Louvri yon wout nan savann lan pou
Bondye nou an! 4 Se pou yo konble tout fon yo! Se pou
yo kase tèt mòn yo ak tèt bit yo! Se pou ti mòn yo tounen
platon, se pou tout mòn yo vin tè pla! 5 Seyè a pral fè wè
pouvwa li a! Tout moun pral wè l' menm lè a. Se Seyè a
menm ki di sa ak bouch li. 6 Yon vwa rete li di: Pale non!
Yon lòt mande: Sa pou m' di? Di yo moun se tankou zèb
yo ye. Tout bèlte yo, se tankou bèlte flè nan savann. 7
Zèb la cheche, flè a fennen, lè Seyè a voye van li soufle
sou yo. Se vre wi! Se tankou zèb pèp la ye! 8 Wi, zèb la
cheche, flè a fennen, Men, pawòl Bondye nou an la pou
tout tan! 9 Nou menm moun lavil Jerizalèm, moute sou
yon mòn byen wo, gaye bon nouvèl la! Nou menm moun
mòn Siyon yo, pale byen fò, gaye bon nouvèl la! Nou mèt
pale fò. Nou pa bezwen pè! Di moun lavil peyi Jida yo
men Bondye nou an ap vini! 10 Men Seyè ki gen tout
pouvwa a! L'ap vini avèk tout fòs kouraj li. Li pral pran
pouvwa a nan men l'. L'ap mennen moun li te delivre yo
avè l'. Y'ap mache devan l'! Se rekonpans li. Se rezilta
travay li. 11 Tankou yon gadò, l'ap okipe mouton l' yo. Se
li menm k'ap sanble yo. L'ap pote ti mouton yo sou bra l'.
Tou dousman l'ap mennen manman mouton ki gen pitit
dèyè yo. 12 Kilès ki ka mezire valè dlo ki nan lanmè a ak

men l'? Kilès ki ka pran lajè syèl la ak dwèt li? Kilès ki ka
mete tout tè a nan yon ti mezi? Kilès ki ka pran pèz mòn
yo ak pèz ti bit yo nan balans? 13 Ki moun ki ka di Seyè a
sa pou li fè? Ki moun ki te ba li konsèy? 14 Ki moun Seyè
a te al jwenn pou l' te ka gen bon konprann? Ki moun ki
te moutre l' jan pou l' mache dwat? Ki moun ki te ba li
konesans? Ki moun ki te fè l' konnen jan tout bagay fèt?
15 Gade! Devan Seyè a, nasyon yo tankou yon gout dlo
nan yon bokit. Yo pa peze plis pase ti pousyè nan yon
balans. Moun zile yo menm, yo tankou pousyè van ap
pote ale! 16 Tout rakbwa peyi Liban yo pa kont pou boule
sou lotèl li. Tout bèt ki nan rakbwa peyi Liban yo pa kont
ase pou yo fè ofrann bèt pou yo boule pou li yo! 17 Tout
nasyon yo mete ansanm, yo pa anyen devan Seyè a. Li
pa pran yo pou anyen. Yo pa vo anyen nan je l'. 18 Ki
moun nou ka di ki tankou Bondye? Ki pòtre nou ta fè ki
pou ta sanble avè l'? 19 Bòs atizan an pran yon moul pou
fè yon estati. Efèv la kouvri estati a nèt ak lò. Li fonn ajan
pou soude l' nan plas li. 20 Sa ki pa gen gwo mwayen fè
yon estati an bwa. Li chwazi yon bon bwa ki p'ap pouri. Li
chache yon bon bòs atizan pou travay li pou li, pou fè yon
estati ki p'ap tonbe kraze. 21 Se konnen nou pa konnen
sa? Ki jan fè yo pa t' janm di nou sa? Pesonn pa t' fè nou
konn sa depi lontan? Nou pa janm chache konprann ki
moun ki fè latè? 22 Moun ki fè l' la chita anwo nèt, anlè tè
a, depase syèl la. Moun ki sou latè, se tankou foumi yo ye
devan l'. Li deploye syèl la tankou yon rido. Li louvri syèl
la tankou yon tant kote pou moun rete. 23 Li wete tout
pouvwa wa yo te genyen. Li fè chèf k'ap dirije lèzòm sou
latè yo pase pou anyen. 24 Yo tankou yon jenn ti plan ki
fèrenk ap pouse fèy, ki fenk ap fè rasin anba tè. Seyè a fè
van li soufle sou yo, yo cheche. Yon toubouyon van an
pote yo ale tankou pay. 25 Ki moun nou ka di ki tankou
m'? Ki moun ki pou ta sanble avè m'? Se Bondye apa a
ki di sa. 26 Leve tèt nou gade syèl la. Ki moun ki kreye
tout zetwal sa yo? Tankou nan yon lame, li bay yo chak
plas yo. Li bay yo tout non, li konn non yo chak. Yonn pa
janm manke nan syèl la! Li gen gwo pouvwa, li gen anpil
fòs. 27 Nou menm, moun fanmi Jakòb yo, poukisa n'ap
plenyen konsa? Nou menm, pèp Izrayèl la, poukisa n'ap
plede di: Seyè a pa konn sa n'ap pase! Bondye nou an
p'ap fè anyen pou defann kòz nou! 28 Se konnen nou pa
konnen? Kouman? Se di yo pa janm di nou sa? Seyè a
se Bondye ki la pou tout tan an! Se li menm ki kreye tout
latè. Li pa janm bouke, li pa konn pèdi souf. Pesonn pa ka
konprann lide li gen nan tèt li. 29 Lè yon moun pèdi souf,
li ba li fòs. Lè yon moun febli, li ba l' kouraj ankò! 30 Jenn
gason konn pèdi souf, yo konn bouke. Lè konsa, yo bite,
yo tonbe. 31 Men, Seyè a ap bay moun ki mete konfyans
yo nan li fòs ankò. Tankou malfini, y'ap pran zèl pou yo
leve ale. Y'ap kouri san yo p'ap janm bouke. Y'ap mache,
yo p'ap janm febli.

41 Nou menm moun zile yo, pe bouch nou! Koute
sa m'ap di nou! Mete gason sou nou! Pwoche vin
defann kòz nou! Annou plede pou n' wè kilès ki gen rezon!
2 Kilès ki te fè chèf la soti bò solèy leve, ki te fè l' genyen
nan tout batay kote l' pase? Kilès ki te lage tout nasyon yo
nan men l', ki soumèt tout wa yo devan l'? Avèk nepe li, li
kraze yo fè yo tounen pousyè. Avèk flèch li yo, li fè yo
kouri tankou pay van ap gaye. 3 L'ap fann nan siyay yo,
l'ap kouri san li pa pè anyen. Pye l' pa menm touche tè. 4
Se travay ki moun sa? Kilès ki lakòz tout bagay sa yo
rive? Ki moun ki depi nan kòmansman ap rele lèzòm, pitit
an pitit, pou yo fè travay li sou latè? Se mwen menm,
Seyè a, ki la anvan yo tout. Se mwen menm k'ap toujou la
apre yo tout. 5 Moun zile yo wè sa, yo pè. Moun nan
dènye bout latè pran tranble, yo pwoche, yo vini. 6 Yonn
ap ede lòt. Yonn ap di lòt: Pran kouraj! 7 Bòs atizan k'ap
fè estati a ap ankouraje òfèv la. Moun k'ap fin bay estati a
fòm ak ti kout mato l' yo ap ankouraje bòs fòjon an. Yon
lòt di: Soudi a bon! Yo kloure zidòl la nan plas li pou li
pa tonbe. 8 Men, nou menm pèp Izrayèl, sèvitè m' yo!
nou se pitit pitit Jakòb, moun mwen te chwazi a! Nou se
moun ras Abraram, zanmi mwen an! 9 Mwen pran nou
nan dènye bout latè, mwen rele nou soti byen lwen. Mwen
di nou: Se sèvitè m' nou ye! Se chwazi mwen te chwazi
nou, mwen pa voye nou jete. 10 Nou pa bezwen pè.
Mwen la avèk nou! Nou pa bezwen kite anyen ban nou kè
sote. Se mwen menm ki Bondye nou. M'ap ban nou fòs,
m'ap ede nou. M'ap soutni nou ak fòs ponyèt mwen ki pa
janm pèdi batay. 11 Tout moun ki te fache sou nou yo
pral wont, yo pral bese tèt yo. Moun ki t'ap chache nou
kont yo pral disparèt, yo pral mouri. 12 Moun ki t'ap fè
nou lagè yo, n'a chache yo, nou p'ap wè yo. Moun ki t'ap
goumen ak nou yo pral disparèt, yo p'ap la ankò! 13 Se
mwen menm, Seyè a, ki Bondye nou! M'ap pran men nou,
m'ap di nou: Nou pa bezwen pè. M'ap ede nou! 14 Nou
menm fanmi Jakòb yo, moun Izrayèl yo, nou te mèt piti
tankou yon vètè, fèb tankou yon cheni, nou pa bezwen
pè. Se mwen menm k'ap ede nou, mwen menm, Bondye
pèp Izrayèl la, ki yon Bondye apa. Se mwen menm k'ap
delivre nou. Se Seyè a menm ki di sa! 15 M'ap fè nou
tounen yon machin pou raboure tè, yon machin tou nèf
avèk dan byen file. Nou pral raboure mòn yo, nou pral
kraze yo. Nou pral fè ti bit mòn yo tounen pousyè. 16
Nou pral vannen yo, van ap bwote yo ale. Van tanpèt ap
gaye yo toupatou. Men, nou pral fè fèt pou Seyè a. Nou
pral kontan Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa.
17 Lè malere yo ak pòv yo ap chache dlo pou yo bwè
epi yo pa ka jwenn, lè gòj yo va chèch nèt sitèlman y'a
swaf dlo, mwen menm, Seyè a, m'a ba yo sa yo lapriyè
mande m' lan. Mwen menm, Bondye pèp Izrayèl la, mwen
p'ap lage yo. 18 M'a fè gwo dlo larivyè koule sou tout tè
sèk kote ki pa t' gen menm yon ti pyebwa. M'a fè sous
dlo pete nan fon yo. M'ap fè dezè a tounen lagon dlo.
Sous dlo pral pete nan tout tè sèk yo. 19 M'ap fè pye
zakasya ak pye sèd pouse nan tout dezè a, ansanm ak
pye jasmen ak pye oliv mawon. Nan tè savann lan, m'ap
mete pye pichpen, pye bwadòm ak pye sèd. 20 Lè moun
va wè sa, y'a konnen pou yo pran tèt yo, pou yo manyè

konprann se Seyè a ki fè bagay sa yo ak men l', se travay
Bondye pèp Izrayèl la, Bondye ki apa a. 21 Seyè a, wa
pèp Izrayèl la, di: -Nou menm, bondye lòt nasyon yo, vin
plede kòz nou! Vin di sa nou gen pou n' di pou defans
nou! 22 Pwoche non! Vin di sa ki gen pou rive! Kisa nou
te di k'ap rive ki rive vre? Di nou ki jan sa pral pase pou n'
ka pran prekosyon nou! Fè nou konnen sa ki gen pou rive
pou n' ka rekonèt sa lè l'a rive vre! 23 Di nou kisa ki gen
pou rive pita. Lè sa a, n'a konnen se bondye nou ye vre!
Fè kichòy non, li te mèt bon, li te mèt pa bon, pou n' ka
wè l', pou nou ka egzaminen l' ansanm! 24 Men, gade! Se
pa anyen nou ye! Tou sa n'ap fè yo pa vo anyen menm!
Se yon avilisman pou moun ki pran nou pou bondye yo!
25 Se mwen menm ki chwazi yon nonm soti bò solèy leve.
Se mwen menm ki fè l' desann soti nan nò vin atake. Li
kraze tout chèf yo tankou labou anba pye l', menm jan
moun k'ap fè krich kraze tè pou l' travay. 26 Anvan sa te
rive, kilès nan nou ki te di sa pou n' te ka konnen? Ki
moun ki te di davans sa tapral rive konsa, pou n' te ka di
se vre? Non. Pesonn pa t' di anyen sou sa. Pyès moun pa
janm tande nou di yon mo sou sa. 27 Se mwen menm
premye moun ki bay moun Siyon yo nouvèl men l'ap vini!
Se mwen menm ki voye yon moun al pote bon nouvèl la
bay lavil Jerizalèm. 28 Lè mwen gade nan tout bondye
nou yo, mwen pa wè yonn ki te gen anyen pou l' te di. Pa
t' gen yonn ki ta kapab reponn mwen si m' ta mande l'
anyen. 29 Tout bondye sa yo pa vo anyen. Yo pa kapab
fè anyen menm. Estati zidòl yo, se van. Yo pa vo anyen.

42 Seyè a di: -Men sèvitè m'ap soutni an! Men moun
mwen chwazi a, moun ki fè m' plezi anpil la! Mwen
mete lespri m' sou li. Li pral fè tout nasyon yo konnen sa
ki rele jistis. 2 Li pa nan rele, li pa nan pale fò. Li pa nan
mache fè diskou nan tout lari. 3 Li p'ap kraze sa ki fèb yo.
Li p'ap lage sa ki san sekou yo. Men, l'ap rann jistis jan sa
dwe fèt. 4 Li p'ap pèdi espwa, li p'ap pèdi kouraj, jouk l'a
fin mete jistis toupatou sou latè, jouk moun ki nan zile yo
va rete ap tann lòd l'ap bay yo. 5 Bondye sèl Mèt ki kreye
syèl la epi ki louvri l' anwo tèt nou, li menm ki fòme tè a
avèk tou sa k'ap viv sou li, li menm ki bay tout moun k'ap
mache sou latè souf lavi, li pale, li di konsa: 6 Se mwen
menm, Seyè a, ki rele ou. Mwen ba ou pouvwa pou mete
jistis kanpe sou latè. Mwen pran men ou. Mwen fòme ou,
mwen mete ou pou pase yon kontra ak pèp la, pou m'
bay tout nasyon yo limyè. 7 W'a louvri je avèg yo. W'a fè
prizonye yo soti nan prizon. W'a libere sa ki nan kacho
kote ki fè nwa a. 8 Se mwen menm ki Seyè a, se konsa
yo rele m'. Mwen p'ap bay yon lòt bondye pouvwa mwen
an. Mwen p'ap kite yo bay zidòl yo lwanj ki pou mwen
an. 9 Gade! Tou sa mwen te di k'ap rive rive vre. Mwen
pral di nou lòt bagay ki gen pou rive. Mwen pral fè nou
konnen sa anvan menm sa rive. 10 Chante yon chante
tou nèf pou Seyè a! Se pou tout moun toupatou sou latè
fè lwanj li! Depi moun k'ap vwayaje sou lanmè ak tout bèt
ki nan lanmè yo, jouk moun ki rete nan zile byen lwen
yo. 11 Se pou dezè a ak tout lavil yo chante pou Seyè
a! Se pou tout kote moun Keda yo rete a fè lwanj li! Se
pou moun ki rete lavil Sela a rele byen fò sou tèt mòn yo
tèlman yo kontan! 12 Se pou tout moun ki rete nan zile yo
chante pou Seyè a, se pou yo fè lwanj li. 13 Seyè a soti
tankou yon vanyan gason! Li ranmase tout fòs li tankou
yon nonm ki pral nan lagè. Li rele byen fò, li bay siyal pou
lagè a! Tankou yon vanyan gason, l'ap kraze lènmi l' yo.
14 Bondye di: -Gen lontan depi m' fèmen bouch mwen!
Mwen pa di anyen, mwen kenbe pou m' pa pale. Men
koulye a, mwen tankou yon fanm ki gen tranche. M'ap
rele, m'ap plenn, souf mwen ap koupe, mwen pa kapab
ankò. 15 Mwen pral ravaje tout mòn yo, gwo kou piti.
Mwen pral fè tout plant yo ak tout pyebwa yo cheche.
Mwen pral fè tè nan fon yo tounen sab lanmè pou bwè
tout dlo larivyè yo. M'ap cheche lagon dlo yo. 16 M'ap fè
avèg yo mache sou yon wout yo pa t' janm konnen anvan.
M'ap pran men yo, m'ap mennen yo sou chemen yo pa t'
janm konn fè anvan. M'ap fè kote ki fè nwa yo vin fè klè,
kote ki gen anpil bit ak twou yo vin plat. Se tout bagay sa
yo mwen pral fè rive. Wi, m'ap fè yo rive vre. 17 Tout
moun ki mete konfyans yo nan zidòl, tout moun k'ap rele
estati yo bondye, yo pral bese tèt yo atè, yo pral wont. 18
Seyè a di: -Nou menm moun soudè yo, koute! Nou menm
moun avèg yo, gade byen! 19 Ki moun ki pi avèg, ki moun
ki pi soudè pase sèvite m' lan, moun mwen delivre a? Ki
moun ki pi soudè, ki moun ki pi avèg pase mesaje m'ap
voye a, sèvitè Bondye a? 20 Nou menm moun Izrayèl,
nou te wè anpil bagay. Men, sa pa t' di nou anyen! Nou
gen zòrèy pou nou tande, men nou pa t' tande anyen 21
Seyè a se yon Bondye ki soti pou sove pèp Izrayèl la. Li
ta vle pou tout pèp la respekte lòd li yo, pou yo tout fè
lwanj li. 22 Men koulye a, yo fin piye pèp li a, yo pran
tou sa yo te genyen. Yo fèmen yo tout nan kacho. Yo
mete yo tout nan prizon. Yo vòlò tou sa yo te genyen san
pesonn pa delivre yo. Yo piye yo nèt ale san pesonn pa
di: Renmèt yo zafè yo! 23 Ki moun nan nou k'ap pare
zòrèy li pou l' tande sa m'ap di la a? Ki moun nan nou
k'ap fè atansyon pou l' toujou koute depi koulye a? 24
Ki moun ki te lage moun Jakòb yo nan men vòlò yo? Ki
moun ki te lage moun Izrayèl yo nan men piyajè yo? Se te
Seyè a menm ki te fè sa. Nou te fè peche kont li. Nou pa
t' vle viv jan l' te mande nou viv la. Nou pa t' vle swiv lòd
li. 25 Se konsa, li fè pèp la santi jan l' te move, li fè yo
konnen soufrans lagè. Tankou dife, kòlè Bondye tonbe
sou tout peyi a. Men yo yonn pa t' vle rekonèt sa. Kòlè
Bondye boule peyi a nèt. Men, yo yonn pa t' pran sa pou
anyen!

43 Nou menm, moun fanmi Jakòb yo, men sa Seyè
a ap di nou koulye a, li menm ki te kreye nou an.
Nou menm moun Izrayèl yo, men sa l'ap di nou, li menm
ki te fè nou ak men l': -Nou pa bezwen pè anyen! M'ap
toujou pwoteje nou. Se mwen menm ki te ban nou non
nou pote a. Se pou mwen nou ye. 2 Lè n'ap pase sou
lanmè, m'ap kanpe la avèk nou. Lè n'ap janbe gwo dlo,

dlo a p'ap bwote nou ale. Lè n'ap mache nan mitan dife,
dife p'ap boule nou. Flanm dife a p'ap fè nou anyen. 3
Paske mwen menm, mwen se Seyè a, Bondye nou an.
Se Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa. Se mwen
menm k'ap delivre nou! Pou m' te ka delivre nou mwen te
bay peyi Lejip, peyi Letiopi ansanm ak peyi Seba a nan
plas nou. 4 M'ap bay tout moun lòt nasyon yo pou m' ka
sove lavi nou, paske mwen konsidere nou anpil. Nou gen
anpil valè pou mwen, mwen renmen nou anpil. 5 Nou pa
bezwen pè anyen. Mwen la avèk nou. M'ap fè tout moun
nou yo tounen lakay yo. M'ap sanble nou soti nan peyi
sou bò solèy leve ak nan peyi sou bò solèy kouche. 6
M'ap di moun ki rete sou bò nan nò yo: Kite yo ale! M'ap
di moun ki rete sou bò nan sid yo: Kite yo tounen! Kite
pitit gason m' yo tounen soti byen lwen. Kite pitit fi m' yo
tounen soti toupatou sou latè. 7 Se pèp mwen yo ye.
Se mwen menm ki kreye yo pou yo ka sèvi yon lwanj
pou mwen. Se mwen menm menm ki te fè yo. Se nan
men mwen yo soti. 8 Seyè a di ankò: -Fè pèp la konparèt
devan m'. Se yon bann moun ki gen je men ki pa wè. Yo
gen zòrèy men yo pa tande. 9 Rele tout nasyon yo, fè yo
tout reyini ansanm. Fè yo sanble nan tribinal la. Kilès nan
bondye moun sa yo ki te di davans sa ki gen pou rive a?
Kilès ki te fè nou konnen bagay k'ap rive koulye a? Fè
bondye sa yo vini ak temwen ki pou kanpe pale pou yo.
Lè y'a tande yo, y'a ba yo rezon! 10 Men pawòl Seyè a di:
-Se nou menm menm ki pou sèvi m' temwen. Se nou
menm mwen te chwazi pou sèvi m', pou nou konnen m',
pou nou kapab mete konfyans nou nan mwen, pou nou
ka konprann se mwen menm sèl ki Bondye tout bon an.
Anvan mwen, pa t' gen lòt bondye. Apre mwen, p'ap gen
lòt bondye. 11 Se mwen menm sèl ki Granmèt la, Seyè a.
Pa gen lòt ki ka delivre nou pase mwen menm! 12 Se
mwen menm ki te di nou davans sa ki gen pou rive. Se
mwen menm ki delivre nou. Pa gen ankenn lòt bondye lòt
nasyon yo ki janm fè sa pou nou. Nou menm, se temwen
mwen nou ye. Se mwen ki Bondye. Se Seyè a menm ki di
sa. 13 M' pa janm chanje. Pesonn pa ka chape anba men
mwen. Ki moun ki ka defèt sa mwen fè? 14 Men sa Seyè
k'ap delivre nou an di: Men sa Bondye pèp Izrayèl la ki
yon Bondye apa a di: -Pou m' ka sove nou, m'ap voye yon
lame mache sou lavil Babilòn. M'ap fè yo tout kouri met
deyò. Wi, moun Kalde yo pral desann soti sou batiman ki
te tout lògèy yo a. 15 Se mwen menm Seyè a, Bondye pa
nou an, ki yon Bondye apa. Se mwen menm ki te kreye
pèp Izrayèl la. Se mwen menm ki wa nou! 16 Nan tan
lontan, se li menm, Seyè a, ki te louvri yon chemen nan
mitan lanmè a pou nou. Li te fè yon wout nan mitan gwo
dlo ki te fin debòde yo. 17 Li te fè moun yo sanble yon
gwo lame ak anpil zam, anpil cha lagè ak tout chwal yo. Li
fè yo tonbe atè, yo pa janm ka leve ankò. Yo mouri tankou
yon bouji lè ou soufle sou li. 18 Men sa Seyè a di: Pa chita
ap chonje tan lontan. Pa rete ap kalkile sa ki fin pase! 19
Men m'ap fè yon lòt bagay pou nou. Li konmanse rive
deja. Nou pa wè li? Mwen pral fè yon wout nan mitan dezè
a. Mwen pral fè gwo dlo koule nan savann lan. 20 Bèt nan
bwa pral fè lwanj mwen. Chen mawon ak otrich pral fè fèt
pou mwen. Paske m'ap mete dlo nan dezè a. M'ap fè gwo
dlo koule nan savann lan pou pèp mwen chwazi pou rele
m' pa m' lan ka jwenn dlo pou yo bwè. 21 Pèp mwen te fè
pou mwen an va chante, l'a fè lwanj mwen. 22 Seyè a di:
-Men se pa mwen menm nou te sèvi, nou menm fanmi
Jakòb yo! Nou menm pèp Izrayèl la, nou te bouke avè
m'. 23 Nou pa t' ofri mouton nou yo pou yo te boule pou
mwen. Se pa t' pou fè lwanj mwen nou te touye bèt nou
yo. Mwen pa t' fòse nou fè ofrann grenn jaden nou yo pou
mwen. Mwen pa t' fatige nou pou lansan nou pa boule
pou mwen. 24 Nou pa t' depanse lajan nou achte lansan
pou mwen. Ni nou pa t' ofri m' grès bèt nou touye yo pou
sa te fè m' plezi. Men, se nou menm ki kraze m' ak peche
nou yo. Se nou menm ki fatige m' ak mechanste n'ap fè
yo. 25 Se mwen menm ankò k'ap efase tou sa nou fè ki
mal. Se paske se mwen kifè m'ap fè l'. Mwen p'ap kenbe
nou nan kè poutèt peche nou yo. 26 Ede m' chonje sa ki
te pase. Ann konparèt ansanm nan tribinal la. Ou pral
pale pou defann tèt ou, pou fè wè se ou ki gen rezon. 27
Premye zansèt nou an te fè sa li pa t' dwe fè. Mesaje nou
yo te vire do ban mwen. 28 Se poutèt sa mwen avili moun
ki reskonsab kay yo mete apa pou mwen an. Se poutèt sa
mwen lage fanmi Jakòb la pou yo detwi yo nèt. Mwen kite
yo pase moun pèp Izrayèl yo nan betiz.

44 Seyè a di ankò: -Koute m' byen koulye a, nou menm
fanmi Jakòb, sèvitè m' yo, nou menm pèp Izrayèl
mwen te chwazi pou mwen an. 2 Men sa Seyè ki te
kreye nou an, Seyè k'ap ede nou depi nan vant manman
nou an, di: -Nou pa bezwen pè anyen, nou menm fanmi
Jakòb, sèvitè m' yo, nou menm pèp Jechouwoun mwen
te chwazi pou mwen an. 3 M'ap vide dlo sou tè sèk la.
M'ap fè sous dlo koule nan dezè a. M'ap bay pitit nou yo
pouvwa lespri mwen. M'ap voye benediksyon m' sou pitit
pitit nou yo. 4 Yo pral pouse tankou zèb ki jwenn lapli,
tankou banbou bò larivyè. 5 Yonn apre lòt, moun yo pral
di: -Se pou Seyè a mwen ye! Y'a vin mete tèt yo ansanm
ak fanmi Jakòb yo. Yo tout pral make non Seyè a nan pla
men yo. Y'a di se moun pèp Izrayèl la yo ye tou. 6 Seyè
ki wa pèp Izrayèl la, Seyè ki gen tout pouvwa a, li menm
k'ap delivre pèp la, men sa li di: -Se mwen menm ki te
la anvan tout bagay, Se mwen menm k'ap la apre tout
bagay. Pa gen lòt bondye pase mwen menm sèl. 7 Kilès
ki tankou m'? Se pou l' kanpe di sa! Se pou l' fè nou konn
sa, se pou l' ban m' prèv la! Se pou l' di tou sa ki pase
depi nan konmansman! Se pou l' fè konnen davans sa
ki gen pou rive. 8 Nou pa bezwen pè, nou pa bezwen
tranble. Depi lontan mwen te fè nou konn sa, mwen te di
nou sa. Nou pral kanpe pale pou mwen. Eske gen lòt
bondye pase mwen menm? Eske gen lòt bondye ki ka
pwoteje moun? Mwen menm, mwen pa konnen l'. 9 Tout
moun k'ap fè estati zidòl yo, se moun ki pa vo anyen.
Bondye yo renmen anpil yo pa ka fè anyen pou yo. Moun
k'ap pran pou yo se moun ki pa wè, moun ki pa konn

anyen. Se pou sa yo pral wont pita. **10** Ki moun k'ap fè
pòtre yon bondye, k'ap fonn metal pou fè yon estati san li
pa wè avantaj li ladan l'? **11** Moun k'ap sèvi estati zidòl yo
pral wont. Moun k'ap fè estati yo, se moun yo ye. Se pou
yo vini pou yo konparèt devan tribinal la. Se pou yo pè, se
pou yo wont! **12** Bòs fòjon an pran yon moso fè, li mete
l' nan dife, li travay li ak mato. Li ba l' fòm li vle ak fòs
ponyèt li. Li pa manje, li vin fèb. Li pa bwè dlo, li pa kapab
ankò. **13** Moun k'ap travay bwa a menm pran mezi yon
moso bwa, li trase pòtre zidòl la sou li ak moso lakre, li
travay li ak sizo. Li ba li fòm yon moun, fòm yon bèl moun,
pou l' mete l' nan yon tanp. **14** Li ka koupe yon pye sèd.
Li ka chwazi yon pye chenn, osinon yon pye kajou nan
rakbwa a. Li ka plante yon pye pichpen epi li tann pou
lapli fè l' grandi. **15** Moun sèvi ak moso nan rès bwa a
pou boule. Yo fè dife pou yo chofe kò yo, pou yo kwit
manje. Avèk rès bwa a yo fè yon bondye pou yo sèvi, yon
estati pou yo mete ajenou devan l'. **16** Avèk mwatye nan
bwa a, yo fè dife, yo griye vyann, yo manje plen vant yo.
Yo chofe kò yo tou, epi yo di: Dife a bon! Li cho! Ala bèl
dife! **17** Avèk rès bwa a, yo fè estati yon bondye pou yo
sèvi. Yo mete ajenou devan l', yo lapriyè devan l', y'ap di:
Ou se bondye mwen. Delivre m' non! **18** Moun sa yo pa
konn anyen, yo pa konprann anyen, paske je yo bouche,
yo pa ka wè. Lespri yo bouche, yo pa konprann anyen. **19**
Moun k'ap fè zidòl yo pa kalkile nan tèt yo, yo pa konn
anyen, yo pa gen konprann pou yo ta di: Mwen boule
mwatye bwa a nan dife. Mwen kwit manje sou chabon
dife a. Mwen griye vyann pou m' manje. Avèk rès bwa a
mwen fè yon bagay k'ap avili m', yon zidòl. M'ap adore
yon bout bwa! **20** Se tankou si yo te mete konfyans yo
nan sann dife. Se tèt yo y'ap twonpe. Yo pèdi wout yo. Yo
p'ap ka sove lavi yo, yo pa konprann zidòl yo gen nan
men yo a se pa bondye li ye. **21** Seyè a di: -Nou menm
fanmi Jakòb yo, chonje bagay sa yo byen! Nou menm pèp
Izrayèl, chonje se sèvitè m' nou ye. Se mwen menm ki te
fè nou pou nou te ka sèvi m'. Mwen p'ap janm bliye nou!
22 Mwen te fè peche nou yo disparèt devan je m' tankou
yon nwaj nan syèl la. Tounen vin jwenn mwen non, paske
se mwen menm ki te delivre nou. **23** Ou menm syèl la,
chante byen fò! Se pou tout kote ki byen fon anba tè a fè
fèt! Se pou mòn yo rele tank yo kontan! Se pou rakbwa yo
ansanm ak tout pyebwa ki ladan yo danse fè fèt. Paske
Seyè a delivre fanmi Jakòb la, li fè moun Izrayèl yo wè
pouvwa li. **24** Men sa Seyè a di, li menm ki delivre nou, li
menm ki te fè nou depi nan vant manman nou: -Se mwen
menm, Seyè a, ki fè tout bagay. Se pou kont mwen mwen
te louvri syèl la anwo tèt nou. Lè m' t'ap fè latè, kilès ki
te ede m'? **25** Se mwen menm ki fè siy yo te predi yo
pèdi sans yo. Se mwen menm ki fè divinò yo depale.
Mwen demanti pawòl moun save yo. Mwen fè yo wè tout
konesans yo se bagay moun fou. **26** Men lè sèvitè m'
pale, mwen ba l' rezon. Lè mesaje m' yo bay yon pawòl,
mwen fè l' rive vre. Mwen di moun va rete lavil Jerizalèm
ankò. Yo pral rebati lavil peyi Jida yo. Lavil li yo ki te
bandonnen pral kanpe ankò. **27** Mwen menm ki te bay
lanmè a lòd pou li cheche, m'ap cheche tout rivyè nou yo.
28 Mwen di wa Siris se li ki pral gouvènen pou mwen! Li
pral fè tou sa m'a mande l' fè. Li pral bay lòd pou yo rebati
lavil Jerizalèm, pou yo refè fondasyon tanp Bondye a.

45 Seyè a te chwazi wa Siris pou fè travay li. Li ba
li men pou tout nasyon soumèt devan li. Li voye l'
pou l' wete pouvwa wa yo, l'ap louvri de batan pòtay lavil
yo devan li. P'ap gen pòtay k'ap rete fèmen pou li. Men sa
Seyè a di wa Siris: **2** -Se mwen menm k'ap louvri chemen
pou ou. M'ap fè mòn yo vin plat. M'ap kraze gwo pòtay an
kwiv yo. M'ap kase ba fè yo de bout. **3** M'a ba ou tout
richès ki sere kote ki fènwa a, richès ki kache nan depo
kote moun pa konnen. Lè sa a, w'a konnen se mwen
menm ki Seyè a. Se Bondye pèp Izrayèl la ki te rele ou fè
travay sa a. **4** Mwen te rele ou pou ou te ka delivre fanmi
Jakòb yo, sèvitè m' yo, moun pèp Izrayèl mwen te chwazi
a. Mwen ba ou grad atout ou pa t' konnen m' lan. **5** Se
mwen menm ki Seyè a. Pa gen lòt! Se mwen menm sèl
ki Bondye. Se mwen ki ba ou tout fòs ou atout ou pa t'
konnen m' lan. **6** Mwen fè sa pou tout moun sou latè, depi
kote solèy leve jouk kote solèy kouche, ka konnen pa gen
lòt bondye pase mwen menm! Se mwen menm ki Seyè a.
Pa gen lòt! **7** Mwen mete limyè, mwen mete fènwa! Mwen
bay kè poze, mwen bay kè sote. Se mwen menm Seyè a
ki fè tou sa. **8** M'ap rete nan syèl la, m'ap voye fòs pouvwa
sou nou tankou lapli, pou nou ka gen batay la. Latè pral
louvri de bra l' pou resevwa l'. Delivrans pral fleri sou latè,
lajistis pral boujonnen toupatou. Se mwen menm Seyè a
k'ap fè tou sa rive. **9** Madichon pou moun k'ap diskite ak
Bondye ki fè l' la! Li tankou yon krich nan mitan yon bann
krich. Yon krich pa ka di moun k'ap ba li fòm lan: Sa w'ap
fè la a? Travay ou fè a pa bon. **10** Madichon pou pitit k'ap
di papa l' ki kalite pitit ou fè la a. Madichon pou pitit k'ap di
manman l' ki kalite pitit ou met sou latè a la a! **11** Seyè
a, Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa, li menm ki
te fòme l' la, men sa li di: -N'ap mande m' sa m' pral fè
pou pitit mwen yo? N'ap di m' sa pou m' fè? **12** Se mwen
menm ki te fè latè. Mwen kreye moun pou yo viv sou latè.
Se mwen menm ki te louvri syèl la ak men mwen. Mwen
kontwole tou sa ki nan syèl la: solèy, lalin ak tout bann
zetwal yo. **13** Se mwen menm ki fè wa Siris kanpe pou li
mete jistis sou latè. M'ap louvri tout wout devan li. Se li
menm ki pral rebati lavil mwen an. L'ap fè moun pa m' yo
te depòte yo tounen lakay yo san yo pa bezwen peye
anyen, ni yo p'ap bezwen fè kado anyen pou sa. Se Seyè
ki gen tout pouvwa a ki di sa! **14** Men sa Seyè a di ankò: -
Tout pwofi travay moun Lejip yo ak pwofi kòmès moun
Letiopi yo pral vin pou nou. Moun bèl wotè ki rete nan
peyi Seba yo va pase nan peyi nou an, y'a vin esklav
nou. Y'a mache dèyè nou tankou prizonye nan chenn.
Y'a mete ajenou devan nou, y'a lapriyè nan pye nou, y'a
di: Se lakay nou ase Bondye rete. Nanpwen lòt bondye
tankou li. Nanpwen lòt bondye pase l'. **15** Tansèlman se
yon Bondye moun pa ka wè. Bondye pèp Izrayèl la, se li

ki konn delivre moun! 16 Moun k'ap fè estati yo pral wont,
yo tout pral tèt bese. Moun pral pase yo nan betiz. 17
Men, Seyè a ap delivre pèp Izrayèl la pou tout tan. Nou
p'ap janm wont ankò, nou p'ap janm bese tèt nou ankò
devan pesonn jouk sa kaba. 18 Se Seyè a ki kreye syèl
la. Se li menm sèlman ki Bondye. Se li menm ki fè latè, ki
ba li fòm li. Se li menm ki fè l' chita fèm. Li pa t' fè l' pou l'
te tounen yon dezè, men pou l' te yon kote pou moun
rete. Men sa li di: Se mwen menm ki Seyè a. Nanpwen
lòt. 19 Se pa an kachèt mwen te pale, ni nan yon kote ki
fè nwa. Mwen pa t' di moun ras Jakòb yo pou yo chache
m' kote ki pa gen anyen. Mwen menm, se Seyè a mwen
ye. Mwen pale laverite, mwen fè konnen sa ki dwe fèt. 20
Seyè a di ankò: -Sanble non! Sanble, moun lòt nasyon yo:
Pwoche non! Pwoche devan tribinal la non, nou menm
ki rive chape yo! Bann moun k'ap plede fè posesyon ak
zidòl an bwa yo, k'ap lapriyè bondye ki pa ka delivre yo,
yo pa konn anyen! 21 Vin plede kòz nou! Mete tèt nou
ansanm pou nou konnen sa nou pral di! Kilès moun ki te
di davans sa ki gen pou rive a? Kilès ki te fè konnen sa
depi lontan? Se pa t' mwen menm, Seyè a? Nanpwen lòt
bondye pase mwen menm. Mwen se Bondye ki pa nan
patipri. Se mwen ki ka delivre moun. 22 Tounen vin jwenn
mwen pou nou ka delivre, nou tout ki rete sou latè! Paske
se mwen ki Bondye. Pa gen lòt! 23 Mwen fè sèman sou
tèt mwen, sa m'ap di la a se laverite klè. Pesonn p'ap
ka demanti pawòl mwen yo. Tout moun pral vin ajenou
devan mwen. Nan tout lang, y'ap pran non mwen pou yo
fè sèman. 24 Y'a di: Se nan Seyè a sèl nou jwenn jistis ak
fòs kouraj! Tout moun ki t'ap kenbe tèt avè l' yo pral wont,
y'ap vin nan pye l'. 25 Men, gremesi Seyè a, moun ras
Izrayèl yo pral kanpe ankò. Yo pral fè lwanj mwen.

46 Bèl ak Nebo, zidòl moun Babilòn yo, fini. Y'ap mete
estati yo sou do bèt. Zidòl nou te konn ap leve anlè
nan posesyon yo tounen yon chay lou sou do bèt yo ki tou
bouke. 2 Ni bèt yo, ni zidòl yo tonbe ansanm atè a. Zidòl
yo pa ka delivre ata bèt k'ap pote yo a. Lènmi ap depòte
yo tankou moun yo fè prizonye. 3 Nou menm fanmi Jakòb
yo, ti rès ki rete nan fanmi Izrayèl la, nou menm mwen te
pote nan men depi jou nou te fèt la, nou menm mwen te
soutni depi nan vant manman nou an, koute sa m'ap di
nou byen: 4 M'ap toujou aji konsa ak nou jouk n'a vye
granmoun. M'ap toujou soutni nou jouk n'a gen cheve
blan. M'a pote nou nan men m' jan m' te toujou fè l' la.
M'a pran nou sou kont mwen, m'a delivre nou. 5 Ak ki
moun nou ta konpare m'? Ki moun nou ka di ki sanble m'?
Ki moun nou ka mete bò kote m' ki tankou m'? 6 Gen
moun ki pran lò nan pòch yo, yo peze ajan nan balans, yo
peye yon òfèv pou fè yon bondye pou yo. Lèfini, yo mete
ajenou devan l', yo adore l'. 7 Yo leve l' mete sou zepòl
yo, yo pote l' ale. Yo mete l' kanpe yon kote, epi li rete la.
Kote yo mete l' la, li pa ka deplase. Yo mèt lapriyè nan
pye l' kont kò yo, li pa ka reponn! Li pa ka delivre yo lè yo
nan tray. 8 Pa janm bliye sa! Mete gason sou nou! Nou
menm k'ap fè peche, kalkile tou sa nou fè! 9 Chonje tou
sa ki te rive nan tan lontan. Rekonèt se mwen menm sèl
ki Bondye. Pa gen lòt! Se mwen sèl ki Bondye. Nanpwen
tankou m'! 10 Depi nan konmansman, mwen te di jan sa
pral ye. Depi davans mwen te fè nou konnen sa ki tapral
rive. Mwen te di plan travay mwen gen pou rive fèt vre.
M'ap fè tou sa mwen te vle fè a. 11 Mwen rele yon nonm
mwen te chwazi soti nan yon peyi byen lwen bò solèy
leve. Tankou yon malfini, li pral vini, li pral fè travay mwen
ba l' fè a. Depi mwen di yon bagay, se pou l' fèt. Depi
mwen fè lide fè yon bagay, fòk li fèt. 12 Koute sa m'ap di
nou, bann tèt di, nou menm ki pa soti pou fè sa ki dwat:
13 M'ap fè jou delivrans nou an pwoche. Li pa lwen rive.
Mwen p'ap mize vin delivre nou. Mwen pral delivre mòn
Siyon. Mwen pral fè pèp Izrayèl la wè pouvwa mwen.

47 Ou menm, lavil Babilòn, desann sou fotèy ou a! Al
chita atè nan pousyè! Yon lè, ou te tankou yon jenn
tifi. Wi, kapital moun peyi Kalde yo pral chita atè plat, yo
p'ap janm konsidere ou ankò tankou yon bèl tifi ki renmen
plezi, ki pa nan leve ni lou ni lejè. 2 Pran wòl moulen yo, al
moulen farin! Wete vwal ki sou tèt ou a! Moute ke rad ou
wotè jenou ou. Dekouvri janm ou pou ou janbe dlo. 3 Rete
toutouni pou moun ka wè jan ou tonbe ba! Mwen pral tire
revanj. Pesonn p'ap ka rete m'. 4 Moun k'ap delivre nou
an rele Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la
ki yon Bondye apa. 5 Men sa li di lavil Babilòn: Chita la!
Pa di yon mo! Rete nan fènwa a! Yo p'ap janm rele ou
ankò larenn tout peyi yo. 6 Wi, mwen te move sou pèp
mwen an. Mwen pa t' aji ak yo tankou moun pa m'. Mwen
te lage yo nan men ou. Men, ou te san pitye pou yo. Ou te
aji mal anpil, ata ak vye granmoun yo. 7 Ou te mete nan
tèt ou ou t'ap toujou larenn. Ou pa t' rete kalkile bagay sa
yo byen nan tèt ou. Ou pa t' kalkile ki jan sa tapral fini. 8
Koulye a, louvri zòrèy ou, ou menm ki renmen pran plezi
ou, ou menm ki chita kè pòpòz epi k'ap di nan kè ou: Se
mwen menm ki sèl chèf. Nanpwen lòt! Mwen p'ap janm
pèdi mari m'. Mwen p'ap janm konnen sa ki rele pèdi pitit!
9 Enben! De malè sa yo pral tonbe sou ou anmenmtan,
yon sèl jou. Ou pral pèdi pitit ou yo ansanm ak mari ou!
Wi, malè sa yo pral tonbe ansanm sou ou, malgre tout
maji ou pral fè yo, malgre pakèt wanga ou genyen yo!
10 Ou te konte sou mechanste ou t'ap fè yo. Ou t'ap di
nan kè ou pesonn pa wè ou. Bon konprann ak konesans
vire tèt ou. Ou t'ap di nan kè ou se ou menm ki sèl chèf.
Nanpwen lòt. 11 Yon malè pral tonbe sou ou, ou p'ap ka
detounen l' ak maji ou yo. Yon sèl malè pral tonbe sou ou,
ou p'ap ka fè anyen pou ou anpeche l' rive ou. W'a rete
konsa, yon boulvès pral tonbe sou ou, yon boulvès ou pa
t' janm mete nan tèt ou te ka rive ou. 12 Ou mèt rete ak
maji ou yo, ak tout wanga ou yo! Depi ou jenn w'ap fatige
kò ou sèvi ak yo. Ou pa janm konnen, yo ka fè kichòy pou
ou! Ou ka fè moun pè ou ak yo! 13 Ou chaje ak moun
k'ap ba ou konsèy jouk ou pa konn sa pou ou fè. Se pou
moun ki te ba ou tout konsèy sa yo vini koulye a, se pou
yo sove ou, yo menm k'ap etidye zetwal, yo menm k'ap
separe syèl la an divès zòn, yo menm k'ap di ou chak lalin

nouvèl tou sa ki gen pou rive. **14** Yo tankou ti moso pay.
Yon sèl dife pral boule yo. Yo p'ap menm ka sove pwòp
tèt pa yo. Se p'ap yon ti dife tankou dife yo fè pou kwit
manje ni tankou boukan yo limen pou moun chofe dife. **15**
Men kote konsèy moun sa yo ap mennen ou. Ou te touye
tèt ou ap sèvi yo depi ou te jenn tifi. Y'ap kouri kite ou, yo
chak bò pa yo. Yo yonn p'ap rete pou delivre ou!

48 Koute pawòl sa yo byen, nou menm fanmi Jakòb
yo. Nou menm ki pote non Izrayèl, zansèt nou an,
nou menm ki soti nan ras Jida a, nou pran non Seyè a
pou fè sèman. N'ap fè sèvis pou Bondye pèp Izrayèl la.
Men, se pawòl nan bouch. Nou pa viv jan Bondye vle l' la.
2 Nou cho konsa pou nou di se moun lavil Jerizalèm, lavil
Bondye a, nou ye. Se sou Bondye pèp Izrayèl la n'ap
mete tout espwa nou, li menm yo rele Seyè ki gen tout
pouvwa a. **3** Depi lontan mwen te fè nou konnen davans
sa ki tapral rive. Mwen te pale pou tout moun tande. Mwen
rete konsa, mwen fè sa m' gen pou m' fè a, epi yo rive
vre. **4** Mwen te konnen jan nou wòklò. Tèt nou di pase fè,
di pase wòch **5** Se poutèt sa mwen te fè nou konnen
davans sa ki tapral rive nou. Wi, mwen te avèti nou anvan
yo te rive, pou nou pa t' di se zidòl nou yo ki te fè sa pou
nou, se estati an fè nou yo ak pòtre zidòl nou yo ki te fè
sa pase konsa. **6** Se pou nou rekonèt tou sa mwen te
di nou yo rive vre. Enben, mwen pral fè ou konnen lòt
bagay ankò ki gen pou rive, bagay mwen te kenbe pou
mwen, bagay ou pa ka konnen menm. **7** Se bagay m'ap
fè koulye a menm. Mwen pa janm ko fè sa. Se bagay nou
pa t' janm konnen jouk jounen jòdi a. Konsa nou pa ka di
nou te konn sa deja! **8** Nou pa t' janm konn bagay konsa,
nou pa t' janm tande sa. Mwen pa t' kase bwa nan zòrèy
nou sou sa, paske mwen konnen jan nou trèt. Yo pa ka fè
nou konfyans. Depi nou fèt yo konnen nou pou moun tèt
di. **9** Se poutèt non mwen pote a kifè mwen kenbe kòlè
m'. Se paske mwen vle pou moun fè lwanj mwen kifè
mwen pa koute kòlè m' pou m' kraze nou! **10** Tankou lajan
yo fonn nan fòj pou wè si li bon, mwen te fè nou pase
tray pou m' wè kote nou ye. **11** Se poutèt mwen, poutèt
mwen menm ase, mwen fè sa m' fè a. Eske m' ka kite yo
derespekte non mwen? Mwen p'ap kite yon lòt resevwa
lwanj ki pou mwen an! **12** Nou menm fanmi Jakòb yo, Nou
menm pèp Izrayèl mwen te chwazi a, koute m' byen. Se
mwen menm ki te la anvan tout bagay, Se mwen menm
k'ap la apre tout bagay kaba. Mwen p'ap janm chanje. **13**
Se mwen menm ak men mwen ki fè latè. Se ak fòs ponyèt
mwen mwen louvri syèl la. Lè m' rele yo, yo tout kouri vin
nan pye m'. **14** Nou tout, sanble non pou nou koute m'!
Kilès nan zidòl nou yo ki te fè konnen depi davans tout
bagay sa yo? Moun mwen renmen an pral fè travay mwen
vle l' fè a kont lavil Babilòn, kont ras moun Kalde yo. **15**
Se mwen menm ki te pale, se mwen menm ki te rele l'. Se
mwen menm ki fè l' vini. M'ap fè l' reyisi nan travay l'ap fè
a. **16** Pwoche kote m' non, koute sa m'ap di: Depi nan
konmansman mwen pa kache nou anyen. Depi lè bagay
la t'ap rive, mwen te la. Koulye a, Seyè a ban mwen lespri
l', li voye m'! **17** Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa,
Seyè k'ap delivre yo a, men sa li di: -Se mwen menm ki
Seyè a, Bondye nou an. Se mwen menm k'ap moutre nou
sa ki pou byen nou. Se mwen menm k'ap mennen nou
nan chemen pou nou swiv la. **18** Si sèlman nou te swiv
lòd mwen te ban nou yo, benediksyon ta vide sou nou
tankou lapli k'ap tonbe. Tankou lanmè ki pa janm sispann
voye lanm, m' pa ta janm sispann kanpe pou nou! **19**
Moun ras nou yo ta menm kantite ak grenn sab. Pitit pitit
nou yo ta tankou grenn sab bò lanmè. Anyen pa ta ka
detwi nou devan mwen. Non! Nou pa ta janm disparèt
devan mwen. **20** Soti kite lavil Babilòn! Sove kò nou lakay
moun Kalde yo! Gaye nouvèl la ak kè kontan. Mache fè
konnen l' toupatou. Seyè a delivre Izrayèl, sèvitè li a. **21**
Lè li t'ap mennen yo nan dezè a, yo pa t' swaf dlo. Li fè
sous dlo pete nan wòch pou yo. Li fann wòch la, dlo koule
soti. **22** Men Seyè a di: Pa gen kè poze pou mechan yo!

49 Nou menm ki rete nan zile yo, koute sa m'ap di nou!
Nou menm ki rete byen lwen yo, pare zòrèy nou!
Depi m' fèt, Seyè a chwazi m'! Depi nan vant manman m',
li rele m' pou m' sèvi l'. **2** Li mete nan bouch mwen pawòl
ki tankou kouto byen file. Li pwoteje m' avèk fòs li. Li pare
m' tankou yon flèch byen pwenti, li sere m' nan sakit li. **3**
Li di m': Izrayèl, se sèvitè m' ou ye! W'ap sèvi yon lwanj
pou mwen! **4** Mwen menm, mwen t'ap di nan kè m': Se
pou dan ri m'ap fatige kò m'. Se pou gremesi mwen travay
jouk mwen fèb. Men, m'ap toujou gen konfyans: Seyè a
va ban m' rezon. Rekonpans mwen la byen sere nan men
Seyè a. **5** Se Seyè a menm ki chwazi m' depi m' fèt pou
m' sèvi l', pou m' fè fanmi Jakòb la tounen vin jwenn li,
pou m' sanble pèp Izrayèl la mennen ba li. Seyè a ban m'
bèl pozisyon sa a. Se li ki tout fòs mwen. **6** Seyè a di m'
konsa: Wi, sèvitè m' lan va fè fanmi Jakòb la kanpe ankò.
L'a fè ti rès pèp Izrayèl yo te depòte a tounen lakay yo.
Men, se poko sa toujou. M'ap fè li sèvi tankou yon limyè
pou lòt nasyon yo, pou dènye moun sou latè ka konnen ki
jan mwen menm mwen delivre! **7** Bondye pèp Izrayèl la ki
yon Bondye apa, Seyè k'ap delivre yo a, l'ap pale ak pèp
tout moun ap meprize a, pèp nasyon yo pa vle wè a, pèp
ki esklav chèf k'ap gouvènen yo a. Li di yo: Wa va leve
kanpe lè y'a wè ou. Chèf va ajenou devan ou. Y'a fè sa
poutèt Seyè a k'ap toujou kenbe pawòl li, poutèt Bondye
pèp Izrayèl la ki te chwazi ou. **8** Men sa Seyè a di pèp li
a: -Lè lè a va rive pou m' fè ou gras, m'a reponn ou. Lè
jou a va rive pou m' delivre ou, m'a pote ou sekou. Se
mwen ki te fè ou, se mwen ki te chwazi ou pou ou siyen
yon kontra ak tout pèp yo. M'a fè peyi a kanpe ankò. N'a
tounen viv nan peyi yo te ban nou an, peyi yo te devaste
a. **9** M'a di prizonye yo al lakay nou! M'a di moun ki te
chita nan fènwa yo: Soti vin nan limyè a. Sou tout wout
yo, y'a jwenn manje pou yo manje. Tankou mouton, y'a
jwenn manje sou tout ti mòn. **10** Yo p'ap janm grangou, yo
p'ap janm swaf dlo. Chalè solèy ak van dezè p'ap fè yo
anyen. Paske se moun ki renmen yo a k'ap kondi yo. L'a

mennen yo kote ki gen sous dlo. **11** M'a louvri yon bèl
chemen nan mòn yo. M'a pare wout sou tout mòn yo pou
pèp la. **12** Gen ladan yo k'ap soti byen lwen. Gen sa k'ap
soti nan nò. Gen sa k'ap soti bò solèy kouche. Gen lòt
k'ap soti lavil Sinim nan sid. **13** Se pou syèl la kontan! Se
pou tè a fè fèt! Se pou mòn yo rele tèlman yo kontan!
Paske Seyè a pral bay pèp li a kouraj, l'ap gen pitye pou
pèp li a ki nan lapenn. **14** Men, pèp lavil Jerizalèm lan t'ap
di: -Seyè a lage nou. Mèt la bliye nou. **15** Seyè a reponn:
-Eske yon manman ka bliye pitit l'ap bay tete a? Eske
li ka pa sansib pou pitit li pote nan vant li a? Menm si
yon manman ta rive bliye pitit li, mwen menm, mwen p'ap
janm bliye nou! **16** Mwen ekri non nou nan pla men m'.
Mwen toujou wè miray nou yo devan je m'. **17** Moun ki
pral rebati lavil la ap vin talè konsa. Moun ki t'ap kraze
nou yo, ki t'ap piye nou yo, pral kouri met deyò. **18** Voye
je nou toupatou. Gade sa k'ap pase. Tout moun nou yo ap
sanble, y'ap vin jwenn nou. Jan nou konnen mwen vivan
an, mwen fè sèman: Nou pral kontan wè yo lakay nou,
tankou lè lamarye kontan wè bèl rad nòs li sou li. Se Seyè
a menm ki di sa. **19** Peyi nou an te fin kraze. Peyi a te fin
ravaje. Men, koulye a li pral twò piti pou kantite moun k'ap
rete ladan l'. Paske moun ki t'ap fini ak peyi a, yo pral
voye yo jete byen lwen nou. **20** Yon lè, pitit nou te kwè ki
te pèdi nèt yo, n'a tande yo ap pale nan zòrèy nou, y'a di
nou: Peyi a twò piti pou nou. Ban nou kote pou nou rete.
21 Lè sa a, n'a di nan kè nou! -Kilès ki te fè tout pitit sa yo
pou nou? Nou te pèdi tout pitit nou yo. Nou pa t' kapab fè
pitit ankò. Yo te depòte nou, yo te vire do ban nou. Ki
moun ki te elve tout pitit sa yo pou nou? Nou te pou kò
nou. Kote yo soti menm? **22** Men sa Seyè a, Bondye a,
di ankò: M'ap fè nasyon yo siyon ak men m'. M'ap leve
drapo m' pou m' avèti pèp yo. Se yo menm ankò ki pral
pran pitit gason nou yo sou do yo, k'ap mete pitit fi nou yo
sou zepòl yo pou mennen yo tounen lakay nou. **23** Wa
yo pral tankou papa pou nou. Pitit fi wa yo pral sèvi nou
nouris. Y'ap ajenou devan nou, y'ap bese tèt yo jouk atè,
Y'a niche pousyè ki nan pye nou. Lè sa a, n'a konnen
se mwen menm ki Seyè a. Moun ki mete tout espwa yo
nan mwen p'ap janm wont. **24** Eske ou ka wete nan men
yon vanyan gason bagay li pran nan lagè? Eske ou ka
lage prizonye ki anba men gwo chèf? **25** Men sa Seyè a
reponn: Wi! Yo ka wete nan men yon vanyan sòlda sa li
pran nan lagè. Yo ka lage prizonye ki anba men yon gwo
chèf. M'ap goumen pou nou ak tout moun k'ap fè nou
lagè. M'a delivre pitit nou yo. **26** Moun k'ap fè nou pase
tray yo, m'ap fè yo yonn manje lòt. Y'ap bwè pwòp san
yo jouk y'a sou tankou moun ki bwè diven. Lè sa a, tout
moun va konnen se mwen menm, Seyè a, k'ap sove nou.
Se mwen menm, Bondye fanmi Jakòb la, Bondye ki gen
pouvwa a, k'ap delivre nou.

50 Men sa Seyè a di ankò: -Si m' te voye manman nou
tounen lakay li, kote papye divòs mwen te ba li? Ki
moun mwen te dwe lajan pou m' ta vann nou ba li tankou
esklav? Se poutèt mechanste nou yo mwen te vann nou.
Se poutèt peche nou yo mwen te voye manman nou
tounen lakay li. **2** Poukisa, atò, lè mwen vin delivre nou
an, pa gen pesonn ki vini jwenn mwen? Poukisa, lè m'
rele nou, pesonn pa reponn? Eske se fòs mwen pa gen
fòs ase pou m' delivre nou? Eske ponyèt mwen twò fèb
pou m' sove nou? Se konnen nou pa konnen mwen annik
louvri bouch mwen epi tout dlo lanmè cheche, tout larivyè
tounen ravin chèch, tout pwason mouri paske yo pa jwenn
dlo. Y'ap pouri. **3** Mwen kouvri syèl la ak nwaj nwa. Li
tankou yon moun ki nan lapenn pou ka lanmò! **4** Seyè a
moutre m' sa pou m' di, pou m' ka ankouraje moun ki pa
kapab ankò. Chak maten li louvri zòrèy mwen, pou m' ka
tande sa li pral moutre m', jan yon bon patizan fèt pou fè.
5 Seyè a, Bondye a, louvri lespri mwen, mwen pa kenbe
tèt ak li. Mwen pa renka devan li. **6** Mwen pare do m' bay
moun k'ap bat mwen yo. Mwen lonje figi m' bay moun
k'ap rache bab mwen yo. Mwen pa kache figi m' lè y'ap
joure m', lè y'ap krache sou mwen. **7** Seyè a, Bondye
a, ap pote m' sekou. Se poutèt sa, jouman yo pa ka fè
m' anyen. Mwen sere dan m', mwen mare kè m' pou m'
soufri. Mwen sèten, Bondye p'ap fè m' wont. **8** Moun ki
pral rann mwen jistis la pa lwen rive. Ki moun ki vle plede
ak mwen? Ann konparèt ansanm devan tribinal la? Kilès
ki vle rele m' lajistis? Se pou l' vin kanpe la devan m'! **9**
Se Seyè a menm, Bondye a, k'ap pote m' sekou. Ki moun
ki ka fè yo kondannen m'? Tout moun k'ap akize m' yo
pral disparèt. Y'ap tankou yon rad vèmen ap devore. **10**
Nou tout ki gen krentif pou Seyè a, nou tout k'ap koute
pawòl sèvitè li a, nou wè jan chemen m'ap swiv la fè nwa
san yon ti limyè ladan l'. Se pou nou met konfyans nou
nan Seyè a. Apiye sou Bondye nou an! **11** Men nou tout
k'ap pouse dife, k'ap fè plan pou detwi lòt moun, se nou
menm ki pral boule nan dife nou limen an, se nou menm
ki pral pran nan plan n'ap fè yo. Se Seyè a menm ki pral
fè sa rive nou: Nou pral tòde ak doulè nan kabann nou.

51 Men sa Seyè a di: -Nou tout ki dèyè delivrans, nou
tout k'ap chache Seyè a, chonje wòch kote nou soti
a, chonje min kote yo wete nou an! **2** Chonje Abraram,
zansèt nou an, ak Sara, manman ki fè nou an! Lè m' te
rele Abraram, li pa t' gen pitit. Mwen beni l', mwen ba li
anpil pitit. **3** Mwen menm Seyè a, mwen pral gen pitye
pou peyi Siyon an, pou tout moun k'ap viv nan kay kraze l'
yo. M'ap fè tout dezè li yo tounen bèl jaden, tout savann li
yo tounen tankou premye jaden mwen te plante Edenn
lan. Se kè kontan, se fèt ase ki va gen la. Y'a chante, y'a
fè mizik pou di m' mèsi. **4** Nou menm pèp mwen, koute sa
m'ap di nou: Nou menm nasyon yo, pare zòrèy nou: Se
mwen menm ki bay lalwa ki la pou rann jistis, pou sa sèvi
yon limyè pou tout nasyon yo. **5** Mwen p'ap mize vin sove
nou. Talè konsa m'ap delivre nou. Se mwen menm ki pral
gouvènen nasyon yo. Moun ki sou zile yo ap tann mwen
vini, y'ap tann mwen vin delivre yo. **6** Leve je nou gade
syèl la! Voye je gade latè! Syèl la pral disparèt tankou
lafimen. Latè pral fini tankou yon vye rad. Moun ki rete
sou latè pral mouri tankou mouch. Men, delivrans m'ap ba

yo a ap la pou tout tan. Mwen p'ap janm bezwen delivre
yo ankò apre sa. 7 Nou menm ki konnen sa ki dwat, koute
sa m'ap di nou. Nou menm ki kenbe lòd mwen yo nan
kè nou, nou pa bezwen pè lè moun ap trennen nou nan
labou, nou pa bezwen tranble lè moun ap joure nou. 8
Moun sa yo pral disparèt tankou rad sizo ap devore. Yo
pral fini tankou twal ki kanni. Men delivrans m'ap ban nou
an ap la pou tout tan. Pitit pitit nou yo p'ap janm nan ka
pou m' delivre yo ankò. 9 Leve non, Seyè! Leve non!
Mete kouraj ou sou ou, Seyè! Leve non, tankou nan tan
lontan, jan ou te fè l' sou tan zansèt nou yo! Apa ou menm
ki te fann Raab pak an pak? Apa ou menm ki te pèse gwo
dragon lanmè a? 10 Se ou menm ki te cheche dlo lanmè
a. Se ou menm ki te louvri yon chemen nan mitan lanmè
a pou moun ou t'ap delivre yo te ka pase. 11 Moun Seyè
a delivre yo ap tounen lakay yo. Y'ap rive sou mòn Siyon
an avèk chante nan bouch yo, ak yon kontantman nan
tout figi yo, yon sèl kè kontan ki p'ap janm fini. P'ap gen
lapenn, p'ap gen plenyen ankò. Se va kè kontan ak fèt
pou tout tan. 12 Seyè a di: -Se mwen menm k'ap ban
nou kouraj. Poukisa pou nou ta pè moun ki la pou mouri,
moun ki gen pou pase tankou zèb nan savann? 13 Gen lè
ou bliye Seyè ki te fè ou la, li menm ki te louvri syèl la epi
ki te poze fondasyon latè a? Poukisa tout lajounen w'ap
tranble konsa devan kòlè moun k'ap peze ou yo, moun
k'ap chache detwi ou yo? Kisa kòlè moun sa yo ka fè ou?
14 Talè konsa, yo pral lage moun ki nan prizon yo. Yo p'ap
mouri nan kacho. Y'a jwenn kont manje pou yo manje. 15
Se mwen menm, Seyè a, ki Bondye ou la. Mwen souke
dlo lanmè a, mwen fè lanm lanmè yo gwonde. Seyè ki gen
tout pouvwa a, se konsa yo rele m'! 16 Lè m' t'ap louvri
syèl la, lè m' t'ap mete fondasyon latè a, mwen te di moun
Siyon yo: se pèp mwen nou ye. Mwen te mete pawòl
mwen nan bouch nou. Mwen te pwoteje nou ak fòs ponyèt
mwen. 17 Leve non, lavil Jerizalèm! Leve non! Souke kò
ou. Leve non! Ou fin bwè gode chatiman Bondye te ba ou
bwè nan kòlè li a. Ou bwè dènye degout ki te nan gode a
jouk li fè tèt ou vire! 18 Nanpwen yonn nan tout pitit li fè
yo ki la pou moutre l' chemen pou l' pran. Pa gen yonn
nan tout pitit li elve yo ki la pou ba l' men. 19 De malè
tonbe sou ou yonn apre lòt. Ki moun ki ka plenn sò ou?
Yo ravaje peyi a, yo fini avè l'. Grangou ak lagè fin touye
moun ou yo. Pa gen moun ankò ki pou ba ou kouraj. 20
Nan tout kwen lari, moun ou yo kouche atè san konesans.
Tankou bèt nan bwa, yo pran nan pèlen. Kòlè Seyè a fè
yo sou. Bondye pa nan pale mete la. 21 Se poutèt sa,
nou menm moun lavil Jerizalèm ki nan soufrans, koute
pawòl sa yo byen, nou menm ki sou tankou si nou te bwè
diven. 22 Seyè a, Bondye nou an, pale. Men sa Bondye
k'ap pran defans pèp li a di: -Mwen pral wete nan men
nou gode mwen te ban nou bwè nan kòlè mwen an. Nou
p'ap gen pou nou bwè ankò nan gode k'ap fè nou sou
a. 23 Se moun ki t'ap maltrete nou yo mwen pral bay li,
moun ki t'ap fè nou pase tray yo epi ki t'ap di nou: Kouche
kò nou atè pou nou ka pase sou nou. Lè konsa, nou pare
do nou ba yo vre atè a, yo mache sou nou, tankou sou
granchemen kote moun ap pase!

52 Leve non, mòn Siyon! Leve non! Mete kouraj ou sou
ou! Mete pi bèl rad ou sou ou, ou menm Jerizalèm,
lavil Bondye a! Paske moun lòt nasyon yo, ki pa pote mak
kontra Bondye a, ki pa nan kondisyon pou sèvi Bondye,
p'ap janm mete pye lakay ou ankò. 2 Ou menm lavil
Jerizalèm ki nan prizon, souke pousyè ki sou ou, leve atè
a, chita sou fòtèy ou! Wete chenn yo te pase nan kou ou
yo, ou menm mòn Siyon ki te nan prizon! 3 Men sa Seyè
a di pèp li a. -Yo pa t' bay lajan pou achte nou lè nou
te tounen esklav. Yo p'ap bay lajan non plis pou delivre
nou lè y'a lage nou. 4 Men sa Seyè a, Bondye a, di: -
Nan tan lontan, pèp mwen an te desann al rete nan peyi
Lejip. Apre sa, Lasiri fè yo pase kont mizè yo pou anyen.
5 Koulye a, sa pou m' fè la a? Se Seyè a menm k'ap
di sa. Yo pran pèp mwen an, yo depòte yo pou anyen.
Moun k'ap kraze yo a ap pale fò, y'ap fè grandizè. Se
Seyè a menm ki di sa. Epi tout lajounen, san rete y'ap
trennen non m' nan labou. 6 Men jou sa a, pèp mwen an
va rekonèt se mwen menm Bondye, ki pale ak nou! Men
mwen! 7 Ala bèl sa bèl lè ou wè sou mòn yo mesaje a
k'ap kouri pote bon nouvèl k'ap bay kè poze a! L'ap fè
konnen delivrans Bondye a. L'ap di moun Siyon yo: Se
Bondye ou la k'ap gouvènen! 8 Faksyonnè ou yo ap rele.
Y'ap rele ansanm tèlman yo kontan. Y'ap wè, se ak pwòp
je yo y'a wè Seyè a k'ap tounen sou mòn Siyon an! 9
Pete rele, fè fèt ansanm, nou menm vye miray mazi lavil
Jerizalèm yo! Paske Seyè a bay pèp li a kouraj ankò, li
delivre lavil Jerizalèm. 10 Seyè a fè tout nasyon yo wè
fòs kouraj li ki apa nèt la. Toupatou sou latè yo wè jan
Bondye nou an ap delivre pèp li a. 11 Wete kò nou nan
lavil Babilòn! Wete kò nou! Pati ale! Pa manyen anyen nou
pa dwe manyen! Wete kò nou nan mitan lavil la. Mete nou
nan kondisyon pou nou fè sèvis pou Bondye, nou menm
k'ap pote veso ki apa pou sèvis Seyè a. 12 Fwa sa a, nou
pa bezwen prese kouri ale. Nou p'ap fè tankou moun k'ap
kouri chape poul yo. Paske Seyè a, Bondye nou an, ap
pran devan nou. Se li menm tou, Bondye pèp Izrayèl la,
k'ap mache dèyè pou pwoteje nou. 13 Seyè a di: -Men li,
sèvitè m' lan va wè tout travay li ap mache byen! L'a vin
grannèg. Moun va konsidere l' anpil. Y'a pote l' anlè! 14
Menm jan anpil moun te pran sezisman lè yo te wè l',
sitèlman li te defigire, sitèlman figi l' pa t' sanble menm ak
figi moun, 15 konsa tou, anpil nasyon va kontan lè y'a wè
l' fwa sa a. Wa yo va rete bouch be devan li sitèlman y'a
sezi. Paske y'a wè bagay moun pa t' janm rakonte yo
anvan sa, y'a konprann bagay yo pa t' janm tande anvan.

53 Pèp la va reponn: -Ki moun ki te kwè sa n'ap tande
la a? Ki moun ki rekonèt travay Bondye a nan sa ki
rive la a? 2 Li te grandi devan Bondye tankou yon ti plant
ki tou fèb, tankou yon ti kreyòl ki pouse nan tè sèk. Li pa t'
bèl gason, li pa t' gen anyen nan li ki pou ta fè nou vire
gade l'. Li pa t' sanble anyen ki ta ka fè nou kontan ret

gade l'. 3 Nou pa t' gade l' menm, tout moun te vire do ba
li. Li te soufri anpil, li te tout tan nan gwo lapenn. Tout
moun te vire tèt yo pou yo pa wè l'. Nou pa t' okipe l', nou
pa t' pran ka l' menm. 4 Men, se soufrans nou ta gen pou
nou soufri a li t'ap soufri pou nou. Se doulè nou ta gen
pou santi nan kò pa nou li te pran sou do l'. Nou menm
menm, nou te konprann se pini Bondye t'ap pini l'. Nou te
konprann se frape Bondye t'ap frape l', se kraze Bondye
t'ap kraze l' anba men l'. 5 Men, se pou peche nou kifè yo
te mete san l' deyò konsa. Se akòz mechanste nou kifè
yo te kraze l' anba kou konsa. Chatiman ki te pou nou
an se sou li li tonbe. Se konsa li ban nou kè poze. Avèk
tout kou li te resevwa yo, li ban nou gerizon. 6 Nou te
tankou mouton ki te pèdi bann, chak moun bò pa yo. Men,
chatiman ki pou te tonbe sou nou an, Seyè a fè l' tonbe
sou li. 7 Yo te maltrete l', men li menm se bese li bese tèt
li ase. Tankou yon ti mouton y'ap mennen labatwa, li pa
t' janm louvri bouch li di krik. Wi, tankou yon manman
mouton ki pa di krik pandan y'ap taye lenn sou do l', li pa
t' janm louvri bouch li di anyen. 8 Yo pran l', yo mete l'
nan prizon, yo trennen l' tribinal. Pa t' gen pesonn pou te
pran ka l', lè yo wete l' nan mitan moun k'ap viv sou tè a.
Se pou peche pèp mwen an yo te touye l'. 9 Atout li pa t'
janm fè ankenn krim, yo antere l' menm kote ak mechan
yo. Atout li pa t' janm kite manti soti nan bouch li, yo mete
l' nan yon kavo nan mitan tonm moun rich yo. 10 Men, se
te volonte Bondye pou yo te kraze l' anba soufrans konsa,
pou l' te bay lavi li pou Bondye te ka padonnen peche
nou yo. L'a wè pitit pitit li yo. L'a viv pi lontan toujou. Se
konsa travay Seyè a va mache byen nan men l'. 11 Apre
tout soufrans sa yo, l'a jwenn kè kontan ankò. L'a konnen
li pa t' soufri pou gremesi. Li te sèvi Bondye yon jan ki
kòrèk nèt. Li te pran chatiman anpil moun sou do l'. L'a fè
Bondye fè yo gras. 12 Se poutèt sa, m'ap pran l' mete
l' chèf. M'ap ba li plas nan mitan grannèg yo. L'ap gen
menm pouvwa ak gwo chèf yo. Paske se limenm menm
ki te bay tèt li pou l' mouri konsa. Li te kite yo mete l'
ansanm ak krimenèl yo. Li pran plas anpil moun ki t'ap fè
sa ki mal. Li mande padon pou moun ki te fè mal yo.

54 Jerizalèm, ou menm ki pa t' kapab fè pitit, rele, fè
fèt! Ou menm ki pa t' janm konnen doulè tranche,
chante, danse, fè kè ou kontan! Paske fanm gason pa t'
okipe a ap gen plis pitit pase fanm mari l' pa t' janm kite l'
la. Se Seyè a menm ki di sa. 2 Laji kote w'ap moute tant
ou pou ou viv la! Louvri twal tant ou yo. Ou pa bezwen
jennen. Lonje kòd ou yo, ranfòse pikèt ou yo! 3 Ou pral
louvri lakou ou sou bò dwat ak sou bò gòch pou fè plas.
Moun ou yo pral tounen nan peyi moun lòt nasyon yo te
pran nan men yo. Yo pral plen tout lavil ki te rete san
moun yo. 4 Ou pa bezwen pè! Yo p'ap derespekte ou
ankò! Ou pa bezwen bese tèt ou, yo p'ap fè ou wont ankò!
Ou pral bliye bagay lèd ou te fè lè ou te jenn marye a. Ou
p'ap chonje lè ou te rete pou kont ou tankou yon fanm ki
pèdi mari l'. 5 Bondye ki te kreye ou la pral tankou yon
mari pou ou. Seyè ki gen tout pouvwa a, se konsa yo
rele l'. Se Bondye pèp Izrayèl la, Bondye ki apa a, ki pral
delivre ou. Se Bondye tout latè a yo rele l'. 6 Ou tankou
yon madanm mari l' kite l', epi ki nan gwo lapenn. Ou
tankou yon madanm mari l' te renmen depi lè l' te jenn
gason, men li vire do kite l'. Seyè a rele ou tounen vin
jwenn li. 7 Men sa Bondye ou la di ou: -Mwen te kite ou
pou yon ti tan. Men, m'ap tounen avè ou ankò paske
mwen renmen ou anpil. 8 Kòlè te fè m' pèdi tèt mwen.
Mwen te vire do ba ou. Men, kè m' fè m' mal pou ou. M'ap
moutre ou jan m' toujou renmen ou. Se Seyè k'ap delivre
ou la ki di ou sa. 9 Menm jan nan tan Noe, mwen te
pwomèt mwen p'ap janm kite gwo inondasyon rive ankò
sou latè. Konsa tou, mwen pwomèt koulye a m' p'ap janm
fache sou nou ankò. Mwen p'ap rele dèyè nou, mwen p'ap
pini nou ankò. 10 Ou te mèt wè mòn yo ap souke, ti mòn
yo ap tranble, mwen p'ap janm sispann renmen ou. M'ap
toujou kenbe kontra mwen te pase pou m' te toujou byen
avè ou la. Se Seyè ki renmen ou lan ki di ou sa. 11 Seyè
a di ankò: -Ou menm lavil Jerizalèm ki nan gwo lapenn, ki
san sekou, ki san pesonn pou konsole ou, mwen pral
poze bèl wòch pyè ak yon mòtye koulè pou fondasyon ou.
Mwen pral rebati ou sou pyè safi. 12 M'ap bati fò ou yo ak
pyè ribi, pòtay ou yo ak pyè malachi, miray ranpa ou yo
ak bèl wòch pyè ki koute chè. 13 Se Seyè a menm ki pral
moutre pitit ou yo tout bagay. Yo pral viv alèz ak kè poze.
14 Ou pral kanpe fèm paske tout moun ap mache dwat
lakay ou. Pa fè mechanste. Ou pa bezwen pè pesonn. Ou
pa bezwen gen kè sote. Anyen p'ap rive ou. 15 Si yo
atake ou, sa p'ap soti nan mwen. Nenpòt moun ki va fè ou
lagè pral tonbe devan ou. 16 Se mwen menm ki kreye
bòs fòjon k'ap chofe dife chabon pou fè tout kalite zam.
Se mwen menm tou ki fè lwijanboje yo pou kraze brize.
17 Men, tout zam y'a fè pou sèvi kont ou yo p'ap fè ou
anyen. W'a gen repons nan bouch ou pou tout moun ki va
akize ou nan tribinal. Se sa m'ap fè pou tout sèvitè m' yo.
Se mwen k'ap defann kòz yo. Se Seyè a menm ki di sa!

55 Vini non, nou tout ki swaf dlo. Men dlo! Vini non,
nou tout ki pa gen lajan, nou mèt vini. Achte manje
pou nou manje. Nou pa bezwen lajan! Achte diven ak
lèt pou nou bwè. Nou pa bezwen peye! 2 Poukisa n'ap
depanse lajan achte manje ki pa ka fè anyen pou nou?
Poukisa n'ap depanse lajan travay nou pou bagay ki pa
ka plen vant nou? Si nou koute byen sa m'ap di nou la a,
n'a manje sa ki bon. N'a pran plezi nou nan manje bon
kalite manje. 3 Louvri zòrèy nou. Vin jwenn mwen. Koute
byen sa m'ap di nou, n'a jwenn lavi. M'ap siyen yon kontra
ak nou pou tout tan. M'a ban nou benediksyon mwen te
pwomèt David yo. 4 Gade. Mwen te fè l' chèf pou l' te
kòmande nasyon yo. Mwen te fè l' sèvi m' temwen nan
mitan yo. 5 Gade, ou pral rele nasyon ou pa t' konnen.
Nasyon ki pa t' konnen ou pral kouri vin jwenn ou. Se
mwen menm, Seyè a, Bondye ou la, Bondye apa pèp
Izrayèl la, k'ap fè sa rive konsa, paske m'ap leve ou
anlè. 6 Tounen vin jwenn Seyè a, pandan nou ka jwenn
li an. Lapriyè nan pye l' pandan li toupre nou an. 7 Se

pou mechan yo kite move chemen y'ap swiv la. Se pou
malveyan yo wete move lide k'ap travay nan tèt yo. Se
pou yo tounen vin jwenn Seyè a ki va gen pitye pou yo.
Se pou yo tounen vin jwenn Bondye nou an, paske l'ap
padonnen tou sa yo fè. 8 Lide pa m' pa menm ak lide pa
nou. Chemen pa nou pa menm ak chemen pa m'. Se Seyè
a menm ki di sa. 9 Menm jan syèl la byen lwen anwo
latè, se konsa lide pa m' byen lwen anwo lide pa nou,
chemen pa m' byen lwen chemen pa nou. 10 Gade! Lapli
ak lawouze soti nan syèl la, yo pa tounen kote yo soti a
san yo pa wouze latè, san yo pa fè l' donnen, san yo pa
fè plant yo pouse pou bay kiltivatè yo grenn pou yo simen
ak manje pou yo manje. 11 Konsa tou pou pawòl ki soti
nan bouch mwen: li p'ap tounen vin jwenn mwen san li pa
fè sa m' te vle l' fè a, san li pa fè tou sa mwen te voye l' fè
a. 12 N'a kite lavil Babilòn ak kè kontan. Y'a mennen nou
tounen lakay nou ak kè poze. Gwo mòn yo ak ti mòn yo
va pran chante pou nou sitèlman y'a kontan. Tout pyebwa
nan plenn yo va bat bravo pou nou! 13 Pye pichpen va
pouse kote ki te plen pikan. Pye ilan-ilan va pouse kote ki
te plen chadwon. Sa va sèvi yon lwanj pou Seyè a, yon
remak k'ap la pou tout tan, yon siy pesonn p'ap ka detwi.

56 Men sa Seyè a di pèp li a: -Se pou nou fè sa
ki dwat. Pa fè lenjistis. Paske mwen pa lwen vin
delivre nou, mwen pa lwen fè nou konnen jan m'ap pran
defans nou. 2 benediksyon pou moun ki fè sa m' di yo fè
a epi ki toujou kenbe pawòl mwen yo fèm. benediksyon
pou moun ki respekte jou repo a, pou moun ki pa mete
men l' nan ankenn movezak. 3 Yon moun lòt nasyon ki va
kole kò l' ak pèp Seyè a pa fèt pou di: Seyè a p'ap kite m'
fè sèvis pou li ansanm ak pèp li a. Yon moun ki chatre
pa dwe janm di: Se yon vye pyebwa chèch mwen ye,
mwen pa ka fè pati pèp Bondye a. 4 Men sa Seyè a di:
Lè yon moun ki chatre mete jou repo a apa pou mwen, lè
li chwazi pou l' fè volonte mwen, lè li kenbe kontra mwen
an fèm, 5 m'ap fè yo chonje l' nan tanp mwen an ak nan
mitan pèp mwen an pi lontan pase si li te gen pitit gason
ak pitit fi. M'ap fè yo pa janm bliye l'. 6 Tout moun lòt
nasyon ki va vin kole kò yo ansanm ak pèp Seyè a pou yo
sèvi l', pou yo renmen l' tankou yon sèvitè, tout moun ki
mete jou repo a apa san yo pa derespekte l' epi ki kenbe
kontra m' lan fèm, 7 m'ap mennen yo sou mòn ki apa pou
mwen an, m'a ba yo kè kontan nan kay kote yo fè lapriyè
pou mwen an. M'a asepte tout bèt y'a ofri pou boule sou
lotèl mwen ak tout lòt ofrann y'a fè pou mwen. Y'a rele
kay mwen an kay kote tout pèp va vin fè lapriyè nan pye
m'. 8 Men sa Seyè a, Bondye a, di, li menm ki te fè moun
pèp Izrayèl yo te depòte yo sanble nan peyi yo a ankò:
Anplis moun pèp mwen an, mwen va sanble yon bann
lòt moun ankò ansanm ak yo. 9 Seyè a rele moun lòt
nasyon yo pou yo vin devore, pou yo vin manje tankou
bèt mawon ki nan savann ak bèt ki nan rakbwa. 10 Li di: -
Tout chèf ki la pou avèti pèp mwen an, je yo pete. Yo pa
konprann anyen. Yo tankou chen ki pa janm jape. Lespri
yo byen lwen. Yo kouche tout lajounen, y'ap kabicha. 11
Yo tankou chen aloufa, anyen pa janm kont yo. Se yon
bann chèf san konprann. Yo tout fè sa yo pito. Se avantaj
yo ase y'ap defann. 12 Y'ap plede di: Vini non! N'a jwenn
diven. N'a pran kèk bon razad gwòg. Denmen menm,
bagay la ap pi bon toujou pase jòdi a.

57 Moun k'ap mache dwat yo ap fin mouri nan peyi a,
sa pa fè pesonn anyen. Moun k'ap sèvi Bondye ak
tout kè yo ap fin disparèt, pesonn pa wè sa. Mechanste fè
moun k'ap mache dwat yo disparèt. 2 Moun ki t'ap mache
dwat yo ale kote yo jwenn kè poze, yo kouche nan tonm
yo. 3 Nou menm ki p'ap fè anyen san konsilte zetwal,
pwoche vini! Se yon bann moun ki vire do bay Bondye
nou ye. N'ap sèvi zidòl, nou tankou moun k'ap fè adiltè,
k'ap viv nan dezòd. 4 Ki moun n'ap pase nan betiz la a?
Ki moun n'ap pale mal konsa? Sou ki moun n'ap fè grimas
konsa? Se yon bann moun ki pa janm kenbe pawòl yo,
yon bann moun k'ap bay manti nou ye. 5 N'ap fè sèvis
pou zidòl nan jaden nou. Nou kouche ak fanm anba pye
bwadchenn, anba tout raje. Nou bay timoun nou pou yo
touye pou zidòl yo nan twou wòch nan bafon yo. 6 Nou
pran kèk gwo wòch galèt nan ravin yo sèvi nou Bondye.
Se yo ki tout nou. Nou fè ofrann grenn jaden ak ofrann
diven pou yo vide sou yo. Nou konprann bagay konsa ka
fè m' plezi! 7 Nou moute sou yon gwo mòn byen wo pou
n' al kouche ak fanm, pou n' al touye bèt nou ofri bay zidòl
yo. 8 Nou mete wòch zidòl nou yo dèyè pòtay nou, nan
papòt lakay nou. Nou vire do ban mwen, nou mete nou
toutouni, nou moute sou gwo kabann byen laj nou, nou
kouche ak medam, chwal zidòl yo, nou peye pou sa. Nou
pran kont plezi nou ak je nou kole sou wòch zidòl yo. 9
Nou mete odè sou nou, nou pati al fè sèvis pou Molòk.
Nou mete tout kalite odè sou nou. Nou voye mesaje byen
lwen al chache zidòl pou nou. Nou voye yo jouk nan peyi
kote mò yo ye a. **(Sheol h7585)** 10 Nou fatige kò nou ap
vwayaje, men nou pa janm kite! Nou mete nan tèt nou
zidòl yo ap ban nou fòs pou nou pa janm bouke. 11 Seyè
a di: Kilès bondye sa yo ki t'ap ban nou kè sote, ki t'ap fè
nou pè konsa, kifè ou bay tout manti sa yo? Kilès sa a ki
fè nou bliye m' konsa? Nou pa chonje reve m'. Eske se
paske mwen rete mwen pa di anyen kifè nou sispann gen
krentif pou mwen? 12 M'ap denonse tou sa n'ap plede
fè pou sove tèt nou. Nou kwè l'ap bon pou nou, men sa
p'ap sèvi nou anyen. 13 Lè n'a rele mande sekou, se pou
tout zidòl nou yo vin sove nou si yo kapab! Yon senp ti
van ap pote yo ale, yon ti briz van ap pati ak yo. Men,
moun ki mete konfyans yo nan mwen va rete nan peyi a,
y'a rete sou mòn ki apa pou mwen an. 14 Lè sa a, Seyè
a di: -Pare wout la pou pèp la tounen vin jwenn mwen.
Mete ranblè. Wete tout bagay k'ap bare wout la devan
pèp mwen an. 15 Se mwen menm Bondye ki anwo nèt
nan syèl la, Bondye ki la pou tout tan an, Bondye ki apa
nèt la. Men sa mwen di: mwen rete yon kote ki anwo nèt,
yon kote ki apa pou mwen nèt. Men mwen kanpe la avèk
moun ki soumèt yo devan m', avèk moun ki gen lapenn

tout bon pou sa yo fè ki mal, pou m' ka remoute kouraj
yo, pou m' ba yo konfyans ankò. 16 Mwen pa vle nan
diskit tout tan ak yo, mwen pa vle rete ankòlè tout tan pou
moun mwen bay lavi yo pa pèdi kouraj. 17 Wi, mwen te
fache anpil sou yo paske yo te gen move lanvi nan kè yo.
Mwen te fè kòlè, mwen te pini yo, mwen te lage yo, paske
yo t'ap fè tèt di, yo t'ap fè sa yo pi pito. 18 Mwen te wè
tou sa yo t'ap fè, men m'ap geri yo. Mwen pral pran men
yo pou m' mennen yo sou bon chemen an. M'a remoute
kouraj sa ki nan lapenn yo. 19 M'a di yo: Kè poze pou nou
tout ki lwen, kè poze pou nou tout ki pre. M'a mete lwanj
nan bouch yo, m'ap ba yo tout kè poze, m'ap geri yo. 20
Men, mechan yo tankou lanmè ki boulvèse. Lanm lanmè
yo ap bat san rete, y'ap jete kras ak labou sou rivaj la. 21
Bondye mwen an di: Pa gen kè poze pou mechan yo.

58 Seyè a di m' konsa: -Rele ak tout fòs ou, rele mezi
ou kapab! Fè vwa ou sonnen tankou klewon! Fè
pèp mwen an konnen tout mechanste li fè yo! Fè moun
fanmi Jakòb yo konnen tout peche yo te fè! 2 Chak jou,
y'ap fè sèvis pou mwen. Yo pretann yo konnen chemen m'
yo, tankou si se yon nasyon ki fè sa ki dwat devan m', epi
ki pa t' janm lage lòd mwen te ba yo. Y'ap mande m' pou
m' defann kòz yo. Yo ta vle pou Bondye kanpe la ak yo. 3
Pèp la ap di: -Sa nou bezwen fè jèn fè si Bondye p'ap wè
sa? Sa nou bezwen pran lapenn pou sa nou fè ki mal si
ou p'ap gade sou sa? Seyè a reponn yo: -M'ap di nou
laverite. Jou n'ap fè jèn lan, se jou sa a tou n'ap chache fè
sa ki nan enterè nou ase. Se lè sa a n'ap plede peze
moun k'ap travay pou nou yo. 4 Konsa tou, jou n'ap fè jèn
lan, se lè sa a tou n'ap joure, n'ap fè kont, n'ap goumen,
n'ap bay move kou. Jan mwen wè n'ap fè jèn lan jòdi a se
pa konsa pou nou fè l' si nou vle lapriyè nou yo rive nan
zòrèy mwen. 5 Eske mwen ka pran plezi nan kalite jèn
sa a? Se sa nou rele yon jou n'ap pran lapenn pou sa
nou fè ki mal? Fè jèn pou nou, se bese tèt nou jouk atè
tankou wozo van ap pliye, se kouche plat atè sou sak nan
mitan sann dife. Atò se sa nou rele fè jèn? Se sa ki pou fè
Bondye plezi a? 6 Non! Men kalite jèn ki pou fè kè m'
kontan an: Sispann fè mechanste. Sispann fè lenjistis.
Bay esklav nou yo libète! Mete chay k'ap foule moun yo
atè. 7 Separe sa nou genyen ak moun ki grangou. Louvri
pòt kay nou pou nou resevwa malere ki pa gen kote pou
yo dòmi. Si nou wè yon frè nou toutouni, ba li rad pou
li mete sou li. Pa refize lonje men bay frè parèy ou. 8
Lè sa a, tankou solèy k'ap leve, m'ap klere nou, m'a fè
nou wè jan mwen renmen nou. Lapoula m'a geri nou, m'a
toujou mache ak nou pou m' delivre nou. Pouvwa Bondye
a va mache dèyè nou pou pwoteje nou. 9 Lè sa a, si nou
lapriyè nan pye m', m'a reponn nou. Si nou rele m', m'a
di men mwen! Si nou rache tout mechanste nan kè nou
voye jete, si nou sispann kraponnen moun, si nou sispann
pale moun mal, 10 si nou manje ak moun ki grangou, si
nou plen vant moun ki nan nesesite, limyè va klere pou
nou nan mitan fènwa. Lannwit va fè klè pou nou tankou
gwo midi. 11 Se tout tan Seyè a va moutre nou chemen
pou nou pran, l'a rafrechi nanm nou nan tan chechrès.
L'a ban nou fòs ak kouraj. N'a tankou yon jaden ki byen
wouze, tankou yon sous dlo ki pa janm chèch. 12 N'a
rebati vye kay nou yo ki te fin tonbe. N'a moute lòt kay
sou ansyen miray fondasyon tan lontan yo. Y'a rele nou
moun ki konn repare miray fann yo, moun ki konn balize
granchemen yo, moun k'ap refè kay ki kraze yo pou moun
ka vin rete nan peyi a ankò. 13 Si nou veye kò nou pou
nou respekte jou repo a, pou nou pa regle pwòp zafè nou
jou ki apa pou mwen an, si se yon plezi pou nou lè jou
repo a rive, si nou respekte jou ki apa pou mwen menm,
Seyè a, pou jou sa a nou pa nan fè sa ki nan lide nou,
nou pa nan vwayaje, nou pa nan fè travay, ni nou pa nan
pale vye koze, 14 lè sa a, n'a jwenn plezi nou nan fè sèvis
pou mwen. M'a fè tout moun sou latè pote nou anlè, n'a
jwi lavi nan peyi mwen te bay Jakòb, zansèt nou an. Se
mwen menm, Seyè a, ki di sa!

59 Non! Se pa paske Seyè a manke fòs kifè li pa vin
delivre nou. Se pa paske li soudè kifè li pa tande lè
n'ap lapriyè nan pye l'. 2 Men se mechanste nou yo ki
mete yon bayè ant nou ak Bondye nou an. Se peche nou
yo ki fè l' vire figi l' pou l' pa tande nou. 3 San ap koule
sou tout dwèt nou. Nou foure men nou nan tout kalite
mechanste. Bonjou nou pa laverite. Depi nou louvri bouch
nou se kout lang n'ap bay. 4 Lè n' al nan tribinal se pou
defann move kòz. Lè n'ap plede, nou bay manti. N'ap di
yon bann bagay ki pa laverite. Se move lide ase ki nan tèt
nou. Se mechanste ase n'ap fè. 5 Move plan y'ap fè yo
tankou pwazon. Si ou pran ladan yo nanpwen rechap. Si
ou rive kraze yon move plan y'ap fè, y'ap pare yonn ki pi
rèd pou ou. 6 Menm jan ou pa ka fè rad ak fil zariyen,
konsa tou sa y'ap fè a p'ap rapòte yo anyen ki bon. Se
mechanste ase yo soti pou yo fè. Se nan san ase yo mete
men yo. 7 Y'ap kouri konsa pou fè sa ki mal, yo cho pou
yo touye moun inonsan. Lide yo toujou sou sa ki mal,
kote yo pase se dega toupatou. Se malè yo kite dèyè
yo. 8 Yo pa konn jan pou yo viv byen ak moun. Tout sa
y'ap fè kwochi. Tout kò yo se plan. Moun k'ap swiv yo
toujou nan tèt chaje. 9 Pèp la di: -Koulye a nou konnen
poukisa Bondye ki pou ta defann kòz nou an rete lwen
nou konsa, poukisa li pa vin delivre nou. Nou t'ap tann
limyè pou klere kote n'ap mete pye nou, men kote nou
pase se nan fènwa nou ye. 10 N'ap tatonnen tankou avèg
k'ap chache wout, tankou moun je pete. N'ap bite gwo
midi tankou si nou t'ap mache solèy kouche. San nou pa
malad, nou tankou moun ki deja nan peyi san chapo. 11
N'ap wouke tankou chen, n'ap plenn tankou bourik anba
chay. N'ap tann Bondye pou l' pran defans nou. Bichi!
N'ap tann li vin delivre nou. Anyen menm! 12 Seyè, se vre
wi, nou te fè anpil peche kont ou! Koulye a, se peche nou
yo k'ap kale nou. Yo la devan je nou. Nou rekonèt nou te
fè yo vre. 13 Nou te vire do bay Seyè a, nou voye l' jete.
Nou derefize koute l'. Nou tòde men frè parèy nou, nou
revòlte kont Bondye. Se move lide ase nou te gen nan
kè nou. Se manti ase nou t'ap kalkile nan tèt nou. 14

Se poutèt sa, nou pa t' bay chans pou yo defann nou.
Pesonn pa ka pwoche vin delivre nou. Nan tout lavil la
ou pa konn kote ou gad ak pesonn. Pesonn pa mache
dwat. 15 Pa gen moun serye ankò! Si ou pa fè tankou
tout moun, se ou k'ap anba. Seyè a wè sa. Sa te fè l' mal
paske pa t' gen jistis nan peyi a. 16 Li sezi wè pesonn pa
leve kanpe pou defann inonsan yo. Se konsa, li vin delivre
pèp la ak pwòp fòs kouraj li. Li ba l' men, li pran defans
li. 17 Li mete jistis anwo li tankou yon plak pwotèj pou
lestonmak li. Li mete pouvwa pou sove a tankou yon kas
nan tèt li. Li mete pouvwa revanj li sou li tankou yon palto,
li vlope kò l' ak fòs pou l' pran defans moun li renmen
yo. 18 L'ap pini chak moun dapre sa yo fè: li pral move
sou moun ki pa vle wè l' yo, li pral tire revanj sou lènmi l'
yo, menm sou moun ki rete nan zile byen lwen yo. 19
Depi kote solèy la leve a jouk kote solèy la kouche a,
tout moun va pè Seyè a, y'a respekte pouvwa li. L'ap vin
tankou lavalas k'ap desann nan fon ravin, tankou gwo van
tanpèt. 20 M'ap vin sou mòn Siyon an pou m' delivre tout
moun fanmi Jakòb yo ki va vire do bay peche yo. Se Seyè
a menm ki di sa. 21 Seyè a di ankò: Men kontra mwen
pral pase ak yo a: M'ap mete lespri m' sou yo. M'ap ba
yo lòd mwen yo pou lòd mwen yo ka nan bouch yo, nan
bouch pitit yo ak nan bouch pitit pitit yo, pou tout tan tout
tan. Se mwen menm Seyè a ki di sa.

60 Leve kanpe! Ou pral klere tankou solèy. Pouvwa
Seyè a pral klere sou ou. 2 Lòt nasyon yo nan
fènwa, yon nwaj kouvri lòt pèp yo. Men limyè Seyè a pral
leve sou nou! Pouvwa li pral parèt sou nou! 3 Nasyon
yo pral kouri vin nan limyè nou an. Tout wa yo pral kouri
vin nan klète jou k'ap leve pou nou an. 4 Voye je nou
toupatou bò kote nou, gade sa k'ap rive! Tout moun pa
nou yo ap sanble, y'ap tounen lakay yo. Pitit gason nou
yo ap soti byen lwen. Moun ap pote pitit fi nou yo tankou
timoun chita sou ren yo. 5 Lè n'a wè sa, n'a kontan nèt
ale! Kè nou pral bat, nou p'ap konn kote pou n' mete kò
nou! Y'ap pote richès nasyon yo ban nou. Y'ap soti lòt
bò lanmè, y'ap vin jwenn nou. 6 Y'ap ban nou kantite
chamo ki soti peyi Madyan ak peyi Efa. Nou p'ap konnen
kote pou n' mete yo. Moun ap soti peyi Saba, chaje lò ak
lansan. Y'ap pwonmennen fè lwanj Seyè a toupatou. 7
Tout mouton ak kabrit peyi Keda yo ap sanble lakay nou.
N'a gen belye mouton peyi Nebayòt yo pou fè sèvis. N'a
ofri yo pou boule sou lotèl mwen an. Sa va fè m' plezi.
Seyè a va fè kay kote fòtèy li ye a vin byen bèl ankò. 8 Ki
tout moun sa yo? Y'ap plane tankou yon nwaj nan syèl la,
tankou yon bann pijon k'ap tounen vin nan kalòj yo? 9 Se
yon bann bato k'ap soti byen lwen, bato peyi Tasis yo
devan. Y'ap mennen moun pèp Bondye a tounen lakay
yo. Y'ap pote ajan ak lò ak yo an kantite, pou sa sèvi yon
lwanj pou Seyè a, Bondye nou an. Paske Bondye pèp
Izrayèl la, ki yon Bondye apa, te fè bèl bagay pou pèp li
a. 10 Seyè a pale ak lavil Jerizalèm, li di l' konsa: -Se
moun lòt nasyon ki pral rebati miray nou yo! Se wa yo ki
pral sèvi nou domestik. Nan kòlè mwen, mwen te pini
nou. Men, mwen gen pitye pou nou paske mwen gen bon
kè. 11 Pòtay nou yo ap rete louvri lajounen kou lannwit.
Yo p'ap janm fèmen, pou wa lòt nasyon yo ka pote tout
richès peyi yo lakay nou. 12 Paske y'ap detwi tout nasyon
ak tout wa ki pa vle sèvi nou yo. Y'ap kraze peyi sa yo
nèt ale. 13 Y'a pote pi bèl pyebwa nan peyi Liban an,
pichpen, pye sèd ak bwadòm, lakay nou pou dekore tanp
ki apa pou mwen an, pou anbeli kote m' rete a. 14 Pitit
moun ki t'ap maltrete nou yo va vin jwenn nou tèt bese.
Tout moun ki t'ap pase nou nan betiz pral ajenou nan pye
nou. Y'a rele nou lavil Seyè a, Mòn Siyon ki pou Bondye
pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa. 15 Mwen p'ap vire do
ban nou ankò. Yo p'ap rayi nou. Nou p'ap rete san pesonn
pou vizite nou. M'ap fè moun nou yo toujou kontan wè
nou. Y'a fè fèt de tit an tit. 16 Lòt nasyon yo ansanm ak
wa yo va pran swen nou tankou yon nouris k'ap bay pitit
li tete. Lè sa a n'a konnen se mwen menm, Seyè a, ki
sove nou. Se Bondye pèp Izrayèl la, Bondye ki gen tout
pouvwa a, ki delivre nou. 17 M'a fè yo pote lò pou nou
nan plas kwiv. M'a fè yo pote ajan pou nou nan plas fè.
N'a gen kwiv nan plas bwa, n'a gen fè nan plas wòch.
Nan plas chèf ki t'ap peze nou yo, m'a mete chèf k'ap
fè nou viv ak kè poze. Nan plas chèf ki t'ap souse nou
yo, m'a mete chèf k'ap fè sa ki dwat. 18 Yo p'ap tande
moun fè mechanste nan peyi a ankò. Moun p'ap devalize
peyi a ankò, ni moun p'ap kraze l'. M'ap sèvi nou ranpa,
se mwen menm k'ap pwoteje nou. M'ap sèvi nou pòtay,
n'a fè lwanj mwen. 19 Se pa solèy la ki pral klere nou
lajounen. Ni nou p'ap bezwen klète lalin lan pou klere nou
lannwit. Se mwen menm, Seyè a, ki pral sèvi nou limyè
pou tout tan. Se Bondye nou an ki pral leve tèt nou. 20
Solèy nou an p'ap janm kouche ankò. Lalin nou an p'ap
janm disparèt. Se Seyè a menm ki pral sèvi nou limyè
pou tout tan. Jou lafliksyon nou yo fini. 21 Tout moun nan
pèp nou an va fè sa ki dwat. Y'a rete nan peyi a pou tout
tan. Tankou kreyòl jaden mwen, se mwen ki plante yo, se
mwen ki fè yo ak men mwen, pou m' ka fè tout moun
wè pouvwa mwen. 22 Fanmi ki pi piti nan mitan nou an
pral gen mil (1.000) moun. Fanmi ki pa vo anyen an pral
tounen yon gwo nasyon. Se mwen menm Seyè a ki p'ap
mize fè sa, lè lè a va rive.

61 Lespri Bondye, Seyè a, desann sou mwen. Paske
Seyè a chwazi m', li voye m' pou m' anonse bon
nouvèl la bay moun ki nan lapenn yo, pou m' geri tout
moun k'ap soufri yo, pou m' fè tout moun yo te depòte
yo konnen yo delivre, pou m' fè tout prizonye yo konnen
pòt prizon louvri pou yo. 2 Li voye m' anonse lè a rive
pou Seyè a vin delivre pèp li a, jou a rive pou Bondye
nou an vin tire revanj pou nou. Li voye m' ankouraje
tout moun ki nan lafliksyon, 3 pou m' bay moun mòn
Siyon ki nan lafliksyon yo kè kontan nan plas lapenn yo,
kontantman nan plas kè sere yo a. M'ap mete nan bouch
yo chante remèsiman nan plas chante plenyen. Yo pral
grandi tankou gwo pyebwa nan jaden Seyè a te plante ak

men l'. Yo tout pral fè sa ki dwat devan Bondye, pou tout
moun ka fè lwanj bèl pouvwa li. 4 Yo gen pou yo rebati
sou anplasman vye lavil yo. Y'a repare kay moun yo te
bandonnen depi lontan. Y'a rebati lavil ki te fin kraze yo,
kay ki te fin tounen mazi depi lontan yo. 5 Se moun lòt
nasyon ki va pran swen mouton nou yo. Se moun vini ki
va travay jaden nou yo, ki va okipe jaden rezen nou yo. 6
Men nou menm, y'a rele nou prèt Seyè a. Wi, y'a rele nou
Sèvitè Bondye nou an! N'a jwi richès lòt nasyon yo. Tout
bèl bagay lakay yo, se pou nou y'a ye. 7 Kote yo te konn
fè nou wont, se sou tèt y'a pote nou. Kote yo te konn pase
nou nan rizib, y'a fè gwo fèt pou nou. N'a rete nan peyi
nou, richès nou va double. N'a toujou gen kè kontan san
rete. 8 Seyè a di: -Mwen menm, Seyè a, mwen renmen
sa ki dwat, mwen pa vle wè lè moun ap vòlò, lè moun ap
fè lenjistis. M'a kenbe pawòl mwen, m'a bay pèp mwen
an rekonpans yo, m'a pase ak yo yon kontra k'ap la pou
tout tan. 9 Nan tout peyi, y'a nonmen non yo. Pitit pitit yo
va gen bon non nan mitan lòt pèp yo. Tout moun ki va
wè yo va konnen se yon ras moun mwenmenm menm,
Seyè a, mwen beni. 10 Se pa ti kontan kè m' kontan pou
sa Seyè a fè. M'ap fè fèt pou Bondye mwen an. Paske
mwen tankou yon nèg k'ap marye ki fin abiye pou nòs la,
tankou yon lamarye k'ap ranje bijou l' yo sou li. Li kouvri
m' ak pouvwa li pou l' sove m'. Li vlope m' nan bra li pou l'
delivre m'. 11 Menm jan tè a fè ti plant yo pouse, menm
jan grenn yo leve nan jaden, konsa tou, Seyè ki la pou
tout tan an va delivre pèp li a. Tout nasyon va fè lwanj li
toupatou.

62 Jan m' renmen mòn Siyon sa a! Se pou m' pale.
Jan m' renmen lavil Jerizalèm sa a, mwen p'ap pran
kanpo, jouk delivrans li va parèt tankou limyè solèy k'ap
leve, tankou flanbo k'ap klere nan fènwa. 2 Jerizalèm,
tout nasyon yo va wè delivrans ou. Tout wa yo pral wè
pouvwa ou. Y'a ba ou yon lòt non, non Seyè a menm
va chwazi pou ou a. 3 W'a tankou yon bèl kouwòn nan
men Seyè a, tankou yon bèl foula nan men Bondye ou
la. 4 Yo p'ap rele ou ti mepriz ankò. Yo p'ap considere
peyi ou la tankou yon madanm mari l' kite l'. Y'a rele ou
Kè kontan pou Bondye. Y'a rele peyi ou la Bèl madan
marye. Paske ou fè Seyè a plezi, l'ap tankou yon mari
pou peyi ou la. 5 Menm jan yon jenn gason marye ak yon
jenn fi, Seyè a pral marye avè ou. Menm jan yon nonm
marye kontan madanm li, Bondye ou la pral kontan ou 6
Jerizalèm, mwen mete gad ap fè pòs sou miray ou yo.
Lajounen kou lannwit, se pou yo pale. Se pou yo fè Seyè
a chonje pwomès li te fè ou yo, pou li pa janm bliye ou. 7
Se pou yo kenbe l' kout jouk l'a fè lavil Jerizalèm kanpe
ankò, pou toupatou sou latè y'a fè lwanj pou li. 8 Seyè a
fè sèman, l'ap kenbe l' avèk fòs ponyèt li. -Mwen p'ap
lage farin ble nou an nan men lènmi nou yo pou yo manje
l'. Mwen p'ap kite moun lòt nasyon yo bwè diven nou te
fatige kò nou fè ak kouraj nou. 9 Men, nou menm ki te
ranmase rekòt grenn yo, se nou ki va manje yo, lèfini
n'a fè lwanj Seyè a. Se nou menm ki va bwè diven nan
lakou kay ki apa pou Bondye a. 10 Nou menm moun lavil
Jerizalèm, pase nan pòtay la, soti nan lavil la. Al pare
wout la pou pèp la tounen. Ranbleye! Wete wòch sou tout
wout la! Leve drapo a, fè tout nasyon yo siyon! 11 Seyè a
pral fè tout latè a konnen nouvèl la: -Di moun lavil ki sou
mòn Siyon an: Men moun ki delivre nou an ap vini. L'ap
mennen moun li sove yo avè l'. Y'ap mache devan l'. Se
rekonpans li, se rezilta travay li. 12 Y'a rele nou pèp ki
apa pou Bondye a, pèp Bondye delivre a. Y'a rele lavil
Jerizalèm lavil Bondye renmen an, lavil Bondye p'ap janm
lage a.

63 Kilès sa a k'ap vini sot lavil Bozra nan peyi Edon
an, ak yon rad tou wouj sou li a? L'ap mache byen
bwòdè ak bèl rad li sou li. L'ap mache tèt li byen wo, l'ap
pile tè a byen fò. Se mwen menm, Seyè a, ki gen pouvwa
pou delivre moun lan, k'ap pale sou koze delivrans lan. 2
Poukisa rad sou ou yo wouj konsa, tankou rad moun k'ap
kraze rezen anba pye yo pou fè diven nan basen? 3 Seyè
a reponn: -Mwen te pou kont mwen ap kraze nasyon
yo anba pye m', tankou rezen nan basen. Pa t' gen yon
moun nan pèp mwen an ki te la avè m'. Mwen fè kòlè,
mwen mache sou yo, m' pilonnen yo anba pye m' sitèlman
mwen te fache. San yo benyen tout rad mwen, li tache yo
byen tache. 4 Mwen te chwazi nan kè m' jou pou m' te
tire revanj pou pèp mwen an. Lè pou m' te pini lènmi l' yo
te rive. 5 Lè m' gade, mwen te sezi. Pa t' gen yon moun
pou ban m' yon koutmen. Pa t' gen pesonn pou ban m'
konkou. Men, mwen te sitèlman an kòlè, mwen jwenn
kont fòs nan ponyèt mwen, mwen kenbe jouk mwen fin
delivre yo. 6 Mwen fè yon sèl kòlè, mwen kraze yon bann
pèp. Mwen dechèpiye yo sitèlman mwen te fache. Mwen
fè dlo kò yo benyen kò yo. 7 M'a chante pou m' fè konnen
tout bèl bagay Seyè a fè pou nou. M'a fè lwanj li pou tou
sa li fè pou nou, pou jan li bon pou moun fanmi Izrayèl yo.
Li moutre nou jan li gen kè sansib pou nou, jan li renmen
nou anpil. 8 Seyè a te di se pèp mwen yo ye, m' sèten
yo p'ap fè m' wont. Se konsa, li delivre yo 9 nan tout tèt
chaje yo. Se pa t' yon moun ni yon zanj li te voye fè travay
la pou li. Se limenm menm ki te vin delivre yo. Li sitèlman
renmen yo, kè l' sitèlman fè l' mal pou yo, se limenm
menm ki te vin delivre yo. Nan tan lontan, li te toujou pran
swen yo. 10 Men, yo te fè wòklò avè l', yo te fè l' lapenn
anpil. Se konsa Seyè a te tounen yon lènmi pou yo, li
fè yo lagè. 11 Men, yo chonje tan lontan, yo vin chonje
Moyiz. Yo mande koulye a: Kote Bondye ki te rale yo sot
nan lanmè a, Bondye ki te mete Moyiz mache devan yo
tankou yon gadò pou bann mouton l' yo? Kote Bondye ki
te bay Moyiz pouvwa lespri li a? 12 Kote Bondye ki te
kanpe sou bò dwat Moyiz la pou fè gwo mèvèy ak fòs
ponyèt li, lè li te fann dlo a devan yo pou tout moun te ka
toujou chonje sa l' te fè a? 13 Lè Bondye te fè yo mache
nan fon lanmè a tankou chwal nan sab dezè, san yo pa
janm bite, 14 tankou bèf k'ap desann nan plenn pou y' al
manje, lespri Seyè a te mennen yo kote pou yo poze. Wi,
se konsa Seyè a te mache devan pèp li a, pou tout moun

te ka toujou nonmen non l' pou jan li gen pouvwa. **15** Seyè, antan ou nan syèl la, nan bèl kay ki apa pou ou a, tanpri, voye je ou gade nou non! Jan ou te fè jalouzi pou nou sa a! Jan ou te kanpe pou nou ak kouraj ou sa a! Jan ou te renmen nou sa a! Jan ou te konn gen pitye pou nou sa a! Kote ou kite tou sa? Gen lè ou fèmen kè ou! **16** Se ou menm ki papa nou. Abraram pa konnen nou. Izrayèl pa rekonèt nou! Se ou menm, Seyè, ki papa nou. Se ou menm ki toujou delivre nou! **17** Poukisa atò ou kite nou pèdi chemen ou te mete devan nou an, ou kite nou lage kò nou nan raje? Poukisa ou kite nou fè tèt di, ou kite nou pèdi krentif nou te gen pou ou a? Tanpri, tounen vin jwenn nou non, poutèt moun k'ap sèvi ou yo, poutèt pèp ki toujou moun pa ou la! **18** Nou poko chita, lènmi nou yo te gen tan pran peyi a nan men nou, yo derespekte tanp ou a. **19** Depi kèk tan ou sèvi ak nou tankou si se pa ou ki chèf nou ankò, tankou si nou pa pèp ou a ankò.

64 Si ou te ka chire syèl la desann! Mòn yo ta annik wè ou, yo ta pran tranble. **2** Yo ta moute desann tankou dlo k'ap bouyi sou gwo dife bwa. Desann non pou fè lènmi ou yo konnen ki moun ou ye, pou fè tout nasyon yo tranble devan ou! **3** Yon lè, ou te desann, ou te fè yon bann bagay nou pa t'ap tann, bagay ki fè moun pè: mòn yo te wè sa, yo te pran tranble. **4** Pesonn pa janm wè ni yo pa janm tande yon Bondye tankou ou ki ka fè tou sa pou moun ki met espwa yo nan li. **5** Men, ou louvri bra ou pou ou resevwa moun ki te kontan mache dwat devan ou yo, moun ki te mache nan chemen ou mete devan yo epi ki pa janm bliye ou yo. Men, ou te move dèske nou pa t' sispann fè sa ki mal. Sa lakòz n'ap soufri jouk jou w'a vin delivre nou. **6** Nou tout nou te tankou moun ki pa nan kondisyon pou sèvi ou. Tou sa nou t'ap fè ki byen te tankou rad sou moun ki pa nan kondisyon pou sèvi ou. Akòz peche nou yo, nou te tankou fèy chèch van ap bwote. **7** Pesonn pa lapriyè ou ankò! Pesonn pa chonje reve vin mande ou sekou. Ou vire do ban nou. Ou lage nou, ou kite peche nou yo fini ak nou. **8** Men, Seyè, se ou ki papa nou! Se tè krich nou ye. Se ou menm k'ap ban nou fòm. Se ou menm ki te fè nou ak men ou. **9** Tanpri, Seyè, pa fache tout fache sa a ak nou ankò! Pa kenbe nou nan kè ou poutèt peche nou yo! Se pèp pa ou la menm nou te ye! Tanpri, pitye pou nou! **10** Lavil yo mete apa pou ou yo rete san moun ladan yo. Mòn Siyon an tankou yon dezè. Lavil Jerizalèm tounen yon savann. **11** Tanp nou an, bèl kay yo te mete apa pou ou a, kay kote tout zansèt nou yo t'ap fè lwanj ou a, dife fin boule sa. Tout bèl kote nou te renmen yo fin kraze. **12** Seyè, tou sa pa di ou anyen? Ou p'ap fè anyen pou nou? Ou pral kite nou soufri jouk nou p'ap kapab ankò?

65 Seyè a te di: -Mwen te tou pare pou m' te reponn lapriyè pèp mwen an, menm lè yo pa t' lapriyè m'. Mwen te toupre yo, menm lè yo pa t' chache m'. Pèp la pa lapriyè nan pye m', atout mwen te toujou pare pou m' di yo: Men mwen! Men mwen! **2** Chak jou mwen t'ap lonje men m' bay yon pèp ki t'ap kenbe tèt ak mwen, ki t'ap fè sa ki mal, ki t'ap fè sa yo pito. **3** Nan figi m' konsa, yo t'ap plede fè bagay pou fè m' fache. Yo ofri bèt pou touye pou zidòl nan jaden yo, yo boule lansan sou lotèl zidòl yo. **4** Lannwit, y' al nan simityè ak nan twou wòch pou fè sèvis pou mò ka di yo sa pou yo fè. Yo manje vyann kochon, yo bwè bouyon fèt ak vyann ki pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye manje. **5** Apre sa, yonn di lòt: Pa pwoche m'. Pa manyen m', paske yo mete m' apa pou Bondye! Non, mwen pa ka sipòte sa y'ap fè a. Sa fè m' move, kòlè mwen tankou yon dife ki p'ap janm mouri. **6** Seyè a te di: Men desizyon mwen fin pran nan kè m': Mwen p'ap bay kò m' kanpo toutotan mwen pa pini yo, toutan mwen pa regle yo **7** pou peche yo ak pou peche zansèt yo. Yo te boule lansan pou zidòl sou mòn yo, yo t'ap derespekte m' sou ti bit mòn yo. Se poutèt sa m'ap regle ak yo jan yo merite l' la. **8** Men sa Seyè a te di ankò: -Pesonn pa janm voye yon bon grap rezen jete. Okontrè, li sere l' pou fè diven ak li. Konsa tou, mwen p'ap detwi tout pèp la, m'ap sove moun k'ap sèvi m' yo. **9** Nan tout fanmi Jakòb la, m'ap fè moun branch fanmi Jida yo pran mòn mwen yo pou yo. Se la moun mwen chwazi yo ak moun k'ap sèvi m' yo va rete. **10** Plenn Sawon an pral tounen yon jaden zèb pou mouton m' yo, pou moun k'ap sèvi m' yo. Mwen pral lonje bèf mwen yo, moun ki toujou ap chache fè volonte m' yo, nan fon Akò pou yo ka manje. **11** Men pou nou menm ki vire do bay Seyè a, nou menm ki bliye mòn ki apa pou mwen an, epi ki al fè sèvis manje pou Gad, ki al fè ofrann bwason pou Mini, **12** m'ap fè nou mouri nan lagè. Nou tout nou pral bese do nou pou yo koupe kou nou, paske mwen te rele nou, nou pa t' reponn. Mwen pale nou, nou pa t' koute m'. Nou fè sa ki mal devan je m', nou pito fè sa ki p'ap fè m' plezi. **13** Se poutèt sa, men sa Seyè a di: -Moun k'ap sèvi m' yo va jwenn kont manje pou yo manje. Men nou menm n'a ret grangou. Sèvitè m' yo va jwenn kont pou yo bwè, nou menm n'ap ret swaf dlo. Sèvitè m' yo va gen kè kontan; men nou menm n'a wont. **14** Sèvitè m' yo va fè fèt tèlman y'a kontan, men nou menm n'a plenn, n'a gen kè sere, n'a rele, kè nou va kase. **15** Moun mwen chwazi yo va sèvi ak non nou pou joure moun. Mwen menm Seyè a, m'a fè nou mouri. Y'a di: Se pou Seyè a touye ou tankou l' touye moun sa yo! Men, m'a bay sèvitè m' yo yon bon repitasyon. **16** Tout moun nan peyi a ki bezwen benediksyon va jwenn benediksyon nan men Bondye ki toujou kenbe pawòl li a. Tout moun nan peyi a k'ap fè sèman va fè l' nan non Bondye k'ap toujou kenbe pawòl li a, paske moun yo p'ap chonje tray yo te konn pase nan tan lontan yo, m'ap bliye sa. **17** Mwen pral fè yon lòt syèl ak yon lòt tè. Pesonn p'ap chonje sa ki te pase nan tan lontan. Sa p'ap janm vin nan tèt yo ankò. **18** Sa m' pral fè a ap bay kè kontan, moun ap fè fèt san rete. Mwen pral fè yon lòt lavil Jerizalèm kote tout moun pral fè fèt. Moun li yo pral kontan. **19** Mwen menm m'ap fè fèt pou Jerizalèm, m'ap kontan pou pèp mwen an. P'ap gen kriye ankò nan lavil la! P'ap gen rele mande sekou ankò!

20 Timoun p'ap mouri tou piti ankò! Granmoun ap fè tout
tan yo! Pi bonnè pou yo mouri se va sou santan. Moun ki
va rive gen santan anvan yo mouri, y'a mouri jenn! Moun
ki va mouri anvan yo rive gen santan, se moun ki va gen
madichon! 21 Moun va bati kay pou yo rete. Y'a plante
jaden rezen pou yo manje rezen. 22 Yo p'ap bati kay ankò
pou se lòt moun ki pou rete ladan yo. Yo p'ap plante jaden
ankò pou se lòt moun ki pou manje l'. Pèp mwen an ap viv
rive gen menm laj ak pyebwa. Pèp mwen chwazi a va jwi
travay yo fè ak men yo kont kò yo. 23 Yo p'ap kraze kò yo
travay pou bontan ankò! Travay yo va rapòte yo! Pitit yo
p'ap konn sa ki rele malè ankò! M'ap beni yo ansanm ak
pitit yo jouk sa kaba. 24 Anvan menm yo fin lapriyè, m'ap
gen tan reponn yo. Anvan menm yo fèmen bouch yo,
m'ap gen tan ba yo sa yo mande a. 25 Chen mawon ak
mouton pral manje ansanm. Lyon pral manje zèb menm
jan ak bèf. Sèpan p'ap yon danje ankò pou pesonn. Sou
tout mòn ki apa pou mwen an, p'ap gen mechanste, p'ap
gen rayisab ankò. Se Seyè a menm ki di sa!

66 Men sa Seyè a di ankò: -Syèl la, se fòtèy kote
mwen chita a. Tè a, se ti ban pou m' lonje pye m'.
Ki kalite kay nou ta ka bati pou mwen? Ki kote nou ta ka
ban mwen pou m' poze kò m'? 2 Se mwen menm ki fè
tout bagay sa yo ak men mwen. Se pou mwen yo tout ye!
Se Seyè a menm ki di sa. Moun ki fè m' plezi se moun ki
pa gen lògèy nan kè yo, se moun ki règrèt sa yo fè ki mal,
se moun ki gen krentif pou mwen lè m' pale. 3 Pèp la
fè sa yo pito. Yo touye bèf pou mwen jòdi, denmen yo
touye moun pou zidòl yo. Yo ofri ti mouton pou yo touye
pou mwen jòdi, denmen yo kase kou chen pou zidòl. Yo
fè ofrann grenn jaden yo jòdi pou mwen, denmen yo fè
ofrann san kochon pou zidòl. Yo boule lansan sou lotèl
mwen an pou m' pa janm bliye moun ki fè ofrann lan jòdi,
denmen y'ap fè sèvis pou di Satan mèsi. Yo pran plezi
nan fè zafè pa yo jan yo vle. Yo kontan fè vye bagay lèd
y'ap fè yo. 4 Mwen menm tou m'ap pran plezi m' aji ak yo
menm jan yo aji a. M'ap fè malè yo pè rive yo a tonbe sou
yo, paske mwen rele yo, pesonn pa reponn. Mwen pale
yo, yo pa koute m'. Y'ap fè sa ki mal devan je m', yo pito
fè sa ki p'ap fè m' plezi. 5 Koute sa Seyè a di, nou menm
ki gen krentif pou li lè li pale ak nou: Paske nou pa vire do
ban mwen, gen moun menm ras ak nou ki pa vle wè nou,
ki derefize mele ak nou. Y'ap di konsa: Se pou Seyè a fè
wè pouvwa li, paske yo ta renmen wè jan nou kontan.
Men se yo menm k'ap soti wont. 6 Koute! Gwo bri nou
tande k'ap fèt nan lavil la, gwo vwa nou tande k'ap pale
nan tanp lan, se bri Seyè a k'ap tire revanj li sou lènmi l'
yo. 7 Lavil Bondye a tankou yon fanm ki akouche anvan
menm li gen tranche. Li gen tan fè yon ti gason anvan
menm li santi doulè. 8 Ki moun ki janm tande koze konsa?
Ki moun ki janm wè bagay konsa? Eske yon sèl jou kont
pou fè tout yon nasyon? Eske lapoula yo ka fè tout yon
nasyon? Mòn Siyon an p'ap soufri anpil anvan nasyon an
fèt. 9 Eske mwen ka fè yon fanm kase lèzo, lèfini pou m'
pa kite l' akouche? Eske mwen ka fè pitit la rive sou jou l'
lèfini pou m' pa kite l' fèt? Se Bondye ou la menm ki di sa!
10 Fè kè nou kontan ansanm ak lavil Jerizalèm. Fè fèt pou
li, nou tout ki renmen l'! Se pou nou kontan ansanm avè l'
koulye a, nou menm ki te nan lapenn pou li! 11 Tankou
yon ti bebe k'ap tete manman l' jouk vant li plen, tankou
yon ti bebe k'ap kontan souse lèt manman l', nou pral
jwenn pa nou nan bèl bagay m'ap fè pou lavil Jerizalèm.
12 Paske, men sa Seyè a di: -Mwen pral ba li kè poze san
rete. Richès nasyon yo pral kouvri l' tankou lè inondasyon
dlo kouvri latè. Nou pral tankou ti bebe pou li: l'ap ban nou
tete, l'a pote nou nan bra li, l'a mete nou sou jenou l' pou
li jwe ak nou. 13 Menm jan yon manman konsole pitit li,
se konsa m'ap konsole nou nan lavil Jerizalèm. 14 Lè n'a
wè sa, kè nou va kontan: sa va ban nou fòs ak kouraj
ankò. Lè sa a, n'a konnen mwen menm, Seyè a, m'ap
pwoteje sèvitè m' yo, men lènmi m' yo va konnen jan m'
konn fache. 15 Seyè a ap vin nan yon gwo dife. Li moute
sou nwaj yon gwo tanpèt pou l' vin pini moun ki te fè l'
fache yo, pou l' regle yo jan li te di l'ap regle yo a nan yon
gwo boukan dife. 16 Se avèk dife Seyè a pral jije, avèk
nepe l' li pral regle tout moun ki koupab yo. Anpil moun
pral mouri anba men l'. 17 Seyè a di ankò: -Talè konsa sa
pral fini pou moun k'ap fè sèvis pou mete kò yo nan bon
kondisyon anvan y'a l' fè pwosesyon pou zidòl nan jaden
yo, pou moun k'ap manje vyann kochon, vyann sourit ak
lòt kalite manje ki pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye. 18
Mwen konnen sa y'ap fè, mwen konnen sa ki nan lide yo.
Mwen menm, m'ap vin sanble pèp tout nasyon yo, pèp ki
pale tout kalite lang sou latè. Y'a vini, y'a wè bèl pouvwa
mwen. 19 M'a fè yo konnen se mwen menm k'ap pini yo.
Men, m'ap sove kèk moun ladan yo, pou m' voye yo nan
tout nasyon, nan tout peyi byen lwen ki poko janm tande
non m' nan zòrèy yo, ki pa janm wè pouvwa mwen, nan
peyi Lespay, nan peyi Libi, nan peyi Lidi, kote ki gen moun
ki konn sèvi ak banza ak anpil ladrès, nan peyi Toubal ak
nan peyi Lagrès. Yo pral fè moun tout nasyon yo konnen
jan mwen gen pouvwa. 20 Y'a pran tout frè parèy nou yo,
y'a mennen yo tounen soti nan peyi sa yo, tankou yon
ofrann pou mwen. Y'ap mennen yo tounen sou mòn ki
apa pou mwen an, lavil Jerizalèm, sou chwal, sou milèt,
sou chamo, nan kabwèt kouvri, nan cha, menm jan moun
pèp Izrayèl yo konn pote grenn jaden pou ofri nan tanp
lan nan veso yo mete nan bon kondisyon espre pou sa.
21 M'a pran kèk moun nan moun sa yo pou fè travay prèt
ak travay moun Levi yo. Se Seyè a ki di sa. 22 Menm jan
lòt syèl ak lòt latè m'ap fè yo ap la pou lontan devan m',
konsa tou pitit nou ak non nou ap la pou lontan. Se Seyè
a menm ki di sa. 23 Pou chak fèt lalin nouvèl, pou chak
jou repo, moun tout peyi va vin fè sèvis pou mwen isit lavil
Jerizalèm. Se Seyè a menm ki di sa. 24 Lè y'ap kite lavil
la, y'a wè kadav moun ki te vire do ban mwen yo. Vè k'ap
manje yo p'ap janm mouri, dife k'ap boule yo a p'ap janm
tenyen. Tout moun sou latè pral gen kè plen lè y'a wè sa!

Jeremi

1 Nan liv sa a, nou jwenn sa Jeremi, pitit gason Ilkija
a, te di ak sa l' te fè. Li te yonn nan prèt ki te rete lavil
Anatòt, nan pòsyon tè branch fanmi Benjamen an. **2** Lè
Seyè a te pale ak Jeremi an, Jozyas, pitit gason Amon an,
t'ap mache sou trèzan depi li te wa peyi Jida. **3** Apre sa,
Seyè a pale avè l' ankò. Lè sa a, se Jojakim, pitit gason
Jozyas la, ki te wa nan peyi Jida. Anpil fwa menm apre
sa, Seyè a pale avèk Jeremi, rive sou onzyèm lanne rèy
wa Sedesyas, pitit gason Jozyas la, jouk senkyèm mwa
nan lanne sa a, lè yo depòte moun lavil Jerizalèm yo. **4**
Seyè a pale avè m', li di m' konsa: **5** -Mwen te konnen ou
anvan menm mwen te ba ou lavi nan vant manman ou.
Mwen te mete ou apa pou mwen anvan menm ou te fèt.
Mwen te chwazi ou pou ou te yon pwofèt pou nasyon yo.
6 Mwen reponn li: -Aa! Seyè Bondye sèl mèt! Se timoun
mwen ye. Mwen pa konn pale. **7** Men, Seyè a di mwen: -
Pa di se timoun ou ye. Ou gen pou ou ale bò kot tout
moun m'ap voye ou. W'a di yo tou sa m'a ba ou lòd di yo.
8 Ou pa bezwen pè pesonn. Paske m'ap kanpe la avè ou
pou m' pwoteje ou. Se mwen menm Seyè a ki di ou sa. **9**
Apre sa, Seyè a lonje men l', li manyen bouch mwen. Epi
li di m': -Men mwen mete pawòl mwen nan bouch ou. **10**
Jòdi a, m'ap ba ou otorite sou pèp yo ak sou gouvènman
yo, pou ou derasinen, pou ou koupe, pou ou kraze, pou
ou demoli, pou ou bati, pou ou plante. **11** Seyè a pale avè
m', li di m' ankò: -Kisa ou wè la a, Jeremi? Mwen reponn
li: -Mwen wè yon branch zanmann. **12** Lè sa a, Seyè a di:
-Se sa menm! Mwen menm, m'ap veye pou sa m' di a rive
vre. **13** Apre sa, Seyè a pale avè m' yon lòt fwa ankò, li
di m': -Kisa ou wè la a? Mwen reponn li: -Mwen wè yon
chodyè dlo k'ap bouyi sou yon dife. Vapè dlo cho a ap
desann soti nan nò. **14** Lè sa a Seyè a fè m' konnen: -Yon
gwo malè pral soti nan nò, l'ap tonbe sou tout moun ki
rete nan peyi a. **15** Paske m'ap rele tout ras moun ki rete
nan peyi sou bò nò yo pou yo vini. Se mwen menm Seyè
a ki di sa. Y'a vini, y'a mete fotèy wa yo devan pòtay lavil
Jerizalèm. Y'ap fè wonn miray ranpa l' yo, y'ap atake tout
lavil nan peyi Jida yo. **16** M'a pini moun nan peyi a jan m'
te di l' la, paske yo te fè sa ki mal. Yo vire do ban mwen,
y' al boule lansan pou lòt bondye. Yo fè zidòl, lèfini yo fè
sèvis pou yo. **17** Men ou menm, Jeremi, mete gason sou
ou! Leve non! Di yo tou sa mwen ba ou lòd di. Ou pa
bezwen pè yo. Si ou pè yo, m'ap fè ou pi pè yo lè w'a
devan yo. **18** Jòdi a m'ap ba ou fòs pou kenbe tèt ak tout
moun nan peyi Jida a, ak wa l' yo, ak chèf li yo, ak prèt li
yo, ak tout rès pèp la. W'ap tankou yon lavil ak gwo miray
ranpa, tankou yon poto fè, tankou yon miray fèt an kwiv.
19 Yo tout pral leve dèyè ou. Men, yo p'ap ka fè ou anyen.
Paske m'ap kanpe la avè ou pou m' delivre ou. Se mwen
menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.

2 Seyè a pale avè m', li di m' konsa: **2** -Ale non. Men
mesaj ou pral bay nan zòrèy tout moun lavil Jerizalèm.
Men sa Seyè a di: Mwen chonje jan ou te ye nan tan
lontan, jan ou t'ap mouri pou mwen lè ou te jenn, jan ou te
renmen m' lè nou te fèk marye. Ou te swiv mwen nan
dezè a, kote anyen pa pouse. **3** Lè sa a, moun Izrayèl yo
te yon pèp ki t'ap viv apa pou mwen ase, tankou premye
rekòt jaden yo mete apa pou mwen. Malè te tonbe sou
tout moun ki te manyen yo paske se avè m' yo te annafè.
Se mwen menm, Seyè a, ki di sa. **4** Nou menm, moun
fanmi Jakòb yo, nou menm tout moun branch fanmi pèp
Izrayèl la, koute mesaj Seyè a! **5** Men sa Seyè a voye di
nou: -Kisa mwen te fè zansèt nou yo ki mal kifè yo te vire
do ban mwen? Yo pran mache dèyè yon bann zidòl ki
pa vo anyen. Yo menm tou, yo vin pa vo anyen. **6** Yo
pa chonje reve mande kote Seyè a, li menm ki te fè nou
moute soti nan peyi Lejip la, li menm ki te louvri chemen
pou nou nan dezè a, nan yon peyi tè sèk, plen twou, yon
peyi san dlo, plen danje, kote moun pa rete, kote moun
pa menm pase. **7** Mwen fè nou antre nan yon peyi kote
ki gen bèl jaden pou nou te ka manje tout bon rekòt ak
tout lòt bon bagay li yo. Men, lè nou rive ladan l', nou pa
respekte peyi a. Nou fè peyi mwen te ban nou an tounen
yon peyi ki ban m' degoutans. **8** Prèt yo pa janm mande
kote Seyè a? Yo menm mwen te fè konnen lòd mwen yo,
yo pa konnen m' ankò. Chèf yo trayi m'. Pwofèt yo pale
nan non Baal. Y'ap kouri dèyè zidòl ki pa ka fè anyen pou
yo. **9** Se konsa, mwen menm Seyè a, mwen pral plede ak
nou ankò. Se mwen menm, Seyè a, ki di sa. Mwen pral
plede ak pitit pitit nou yo. **10** Ale bò solèy kouche, rive jouk
sou zile Chip. Voye moun nan peyi Keda, bò solèy leve.
N'a wè sa k'ap pase isit la pa janm rive lòt kote anvan sa.
11 Lòt nasyon yo pa janm chanje bondye yo, malgre se pa
t' bondye tout bon yo te ye. Men, pèp mwen an te pito
zidòl ki pa ka fè anyen pou yo pase mwen menm, Bondye
ki te fè bèl bagay pou yo a. **12** Se pou syèl la pantan
lè li tande sa! Se pou l' tranble. Se pou l' rete sezi! Se
mwen menm Seyè a ki di sa. **13** Paske pèp mwen an fè
de kalite peche: Yo vire do ban mwen, mwen menm sous
dlo fre a. Y' ale fè rezèvwa pou dlo. Rezèvwa yo tou fann,
yo pa ka kenbe dlo. **14** Se pa esklav moun pèp Izrayèl yo
ye. Ni yo pa fèt nan esklavaj. Poukisa atò lènmi ap bwote
yo ale konsa? **15** Y'ap gwonde sou li tankou lyon, y'ap
rele byen fò. Yo fè peyi a tounen yon savann. Yo mete
dife nan tout lavil li yo. Pa rete yon moun ladan yo. **16** Ata
moun Menmfis yo ak moun Tapanès yo ap kale tèt yo. **17**
Se nou menm ki chache sa, paske nou vire do bay Seyè
a, Bondye nou an, antan li t'ap moutre nou chemen pou
nou pran an. **18** Koulye a, kisa nou kwè n'a jwenn lè nou
pran chemen Lejip pou n al bwè dlo nan larivyè Nil? Kisa
ou kwè n'a jwenn lè nou pran chemen Lasiri pou n al bwè
dlo nan larivyè Lefrat? **19** Se mal nou fè a k'ap tounen
yon fwèt pou nou! Se vire nou vire do ban mwen an k'ap
kondannen nou! Se pou nou konnen jan sa pa dous, jan
sa pa bon pou nou vire do ban mwen, Seyè a, Bondye
nou an, pou nou sispann gen krentif pou mwen. Se mwen
menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, ki di sa. **20** Izrayèl,

gen lontan depi ou pa rekonèt otorite m' ankò! W'ap manje kòd, w'ap di: Mwen p'ap sèvi Seyè a. Lèfini, sou tout ti mòn anba tout gwo pyebwa ou nan dezòd, w'ap fè sèvis
pou lòt bondye. 21 Mwen te plante ou tankou yon pye
rezen kalite, ki soti nan bon semans. Men koulye a, gade
jan ou chanje: Ou tounen yon vye pye rezen mawon. M'
pa konnen kote ou soti. 22 Ou te mèt lave kò ou ak gwo
savon, ou te mèt fwote kò ou ak potas, m'ap toujou wè
kras malpwòpte ou yo sou ou. Se mwen menm Seyè a,
Bondye a, ki di sa. 23 Ki jan ou fè ka di ou nan kondisyon
pou fè sèvis pou mwen, ou pa janm kouri dèyè Baal yo?
Gade tout vye makakri w'ap fè nan fon an! Rekonèt sa ou
fè a non! Ou tankou yon jenn fenmèl chamo ki lage nan
bwa, w'ap kouri adwat agoch. 24 Ou tankou yon fenmèl
bourik mawon nan savann. Lè li an chalè, l'ap pran sant
van an. Lè li bezwen kwaze, ki moun ki ka kenbe l'? Mal
yo pa bezwen bat kò yo pou yo jwenn li. Depi se mwa
li, y'ap jwenn li. 25 Izrayèl, manyè sispann! W'ap plede
fatige janm ou yo! Gòj ou ap fin chèch! Men w'ap di: Non!
M' pa kab fè anyen pou sa! Mwen renmen bondye lòt
nasyon yo. Fòk m' al dèyè yo. 26 Menm jan yon vòlè wont
lè yo bare l', se konsa moun pèp Izrayèl yo pral wont,
ni wa yo, ni chèf yo, ni prèt yo, ni pwofèt yo! 27 Yo rele
pyebwa yo papa! Yo rele wòch yo manman m' ki fè m'!
Wi, yo pito vire ban m' do, pase pou yo tounen vin jwenn
mwen. Men, depi yo nan traka, y'ap rele: -Seyè, leve non!
Vin delivre nou! 28 Men, nou menm moun Jida yo, kote
bondye nou te fè pou nou yo? Lè nou nan traka, se yo ki
pou leve vin delivre nou, si yo kapab! Moun Jida, nou gen
yon bondye nan chak lavil nou yo! 29 Poukisa n'ap plede
avè m' konsa? Nou tout nou kenbe tèt avè m'. Se mwen
menm, Seyè a, ki di sa! 30 Mwen te pini pitit nou yo, men
sa pa t' sèvi anyen. Nou pa t' dakò pou m' te korije nou!
Tankou lyon ki fin wè mò, nou rale nepe nou yo, nou
touye pwofèt nou yo. 31 (Nou menm k'ap viv koulye a,
koute byen sa Seyè a ap di a.) Pèp Izrayèl, èske mwen te
tankou yon dezè pou nou, tankou yon kote ki fènwa anpil?
Poukisa atò pou nou di: -Nou granmoun tèt nou, nou p'ap
janm tounen vin jwenn ou ankò! 32 Eske yon jenn fi ka
bliye bijou li yo? Eske yon lamarye ka bliye rad nòs li?
Men, pèp mwen an bliye m', m' pa ka konte depi kilè. 33
Ou konnen byen sa pou ou fè lè w'ap kouri dèyè gason.
Lè konsa, nanpwen krim ou p'ap fè. 34 Rad ou yo tache
ak san pòv ansanm ak san inonsan, moun ou pa t' bare
ap fè anyen ki mal. Malgre tou sa, 35 w'ap plede di ou pa
antò. Seyè a pa fache avè ou ankò. Men, mwen menm
Seyè a, mwen pral pini ou paske ou refize rekonèt ou te
fè sa ou pa t' dwe fè. 36 Gade jan w'ap avili tèt ou, lè w'ap
kouri dèyè bondye lòt nasyon yo! W'ap pran wont nan
men peyi Lejip menm jan sa te rive ou avèk peyi Lasiri. 37
W'a vire do ou kite peyi Lejip. Avèk men ou, w'a bouche
figi ou tèlman w'a wont. Mwen menm, Seyè a, mwen voye
moun ou fè konfyans yo jete. Yo p'ap ka fè anyen pou ou.

3 Seyè a di ankò: -Lè yon nonm divòse ak madanm li,
si apre madanm lan fin kite avè l', li al fè afè ak yon lòt
gason, èske premye nonm lan ap tounen ak madanm
lan ankò? Eske si sa ta rive fèt se p'ap yon gwo bagay
derespektan ki t'ap rive nan peyi a? Konsa tou, nou menm
pèp Izrayèl, nou te tankou yon fanm ki te gen anpil nonm
pou jan nou te kouri fè sèvis pou yon bann lòt bondye.
Epi koulye a nou ta renmen tounen vin jwenn mwen? Se
mwen menm Seyè a ki di sa. 2 Leve je nou, gade tèt mòn
yo! Eske gen yonn ladan yo kote nou pa t' aji tankou yon
fanm k'ap fè jennès? Nou rete chita sou tout bò chemen
ap veye gason, tankou arab k'ap veye moun nan dezè
a pou piye yo. Nou avili tout peyi a ak lenkondite nou
ansanm ak mechanste nou yo. 3 Se poutèt sa pa t' gen
lapli. Lapli prentan yo pa vini. Men, je nou chèch tankou
jennès, nou pa janm wont. 4 Koulye a menm, n'ap vin di
m': O wi, se mwen ki papa nou, nou te toujou renmen m'
depi lè nou te piti. 5 Nou konnen mwen p'ap ret fache pou
tout tan, mwen p'ap kenbe nou nan kè m'. Pèp Izrayèl, se
sa nou te toujou di. Epi apre sa, nou lage kò nou pi rèd
nan fè sa ki mal. 6 Yon lòt fwa Seyè a pale avè m' ankò.
Lè sa a, se Jozyas ki te wa nan peyi Izrayèl. Seyè a di m'
konsa: -Ou wè sa peyi Izrayèl la fè? L'ap twonpe m'. li
ale sou tout gwo mòn yo, anba tout kalite gwo pyebwa,
tankou yon jennès ak nonm li yo, l'ap fè sèvis pou lòt
bondye. 7 Mwen t'ap di nan kè m': lè l'a fin fè tout bagay
sa yo, l'a tounen vin jwenn mwen. Men, li pa tounen. Jida,
sè l' la ki pa t' kenbe pawòl li avè m', wè sa. 8 Li wè mwen
te divòse ak Izrayèl, mwen te voye l' al lakay li paske li te
vire do ban mwen, paske li te lage kò l' nan fè jennès
sou mwen. Men, Jida, sè Izrayèl la ki pa t' kenbe pawòl li
avè m', pa t' pè. Li menm tou, li al lage kò l' nan jennès.
9 Li pa t' wont. Li avili tout peyi a avèk lenkondite li. li
al fè sèvis pou wòch ak pyebwa. 10 Lè li fin fè tou sa,
Jida, sè Izrayèl la ki pa t' kenbe pawòl li avè m', li tounen
vin jwenn mwen. Men, se te pawòl nan bouch. Se mwen
menm, Seyè a, ki di sa. 11 Apre sa, Seyè a di konsa: -
Izrayèl te vire do ban mwen, men li te pi bon pase Jida ki
te chita la ap twonpe m'. 12 Ale nan nò, w'a di moun peyi
Izrayèl yo pou mwen: Nou menm moun peyi Izrayèl ki te
vire do ban mwen, tounen vin jwenn mwen. Mwen gen kè
sansib, mwen p'ap fache sou nou. Mwen p'ap fache sou
nou pou tout tan. Se mwen menm, Seyè a, ki di sa. 13
Sèlman, se pou nou rekonèt sa nou fè a pa bon. Nou pa t'
kenbe pawòl nou avè m', Seyè a, Bondye nou an! Nou t'
al toupatou, anba tout kalite pyebwa, pou fè sèvis pou
bondye lòt nasyon yo. Nou pa t' koute m' lè mwen t'ap
pale nou. Se mwen menm Seyè a ki di sa. 14 Nou menm
ki vire do ban mwen, tounen vin jwenn mwen. Se mwen
menm Seyè a ki di sa. Paske, se mwen menm ki mèt nou.
Mwen pral pran yon moun nan chak lavil nou yo, de moun
nan chak branch fanmi, m'ap mennen nou tounen sou
mòn Siyon an. 15 M'ap ban nou chèf k'ap fè tou sa m' vle
yo fè. Y'a gen konesans ak bon konprann pou gouvènen
nou. 16 Apre sa, lè m'a fè n' peple nan peyi a, moun p'ap
pale sou Bwat Kontra Seyè a ankò. Lide yo p'ap sou li,
y'ap bliye l' nèt. Yo p'ap menm wè si li pa la. Yo p'ap fè

yon lòt. 17 Lè sa a, y'a rele Jerizalèm Fotèy Seyè a. Lèfini
tout nasyon yo va vin sanble la pou fè sèvis pou Seyè a.
Y'a sispann swiv move lide ki t'ap fè yo kenbe tèt ak mwen
an. 18 Lè sa a, moun peyi Jida yo va mete tèt ansanm ak
moun peyi Izrayèl yo ankò. Ansanm y'a soti kite peyi nan
nò a pou yo vin nan peyi mwen te bay zansèt yo pou
rele yo pa yo a. 19 Seyè a te di ankò: -Jan m' ta renmen
asepte ou pou pitit mwen! Mwen ta ba ou yon peyi ki plen
bèl bagay, peyi ki pi bèl pase tout lòt peyi sou latè, peyi ki
t'ap rele ou pa ou. Mwen t'ap di nan kè m' yo pral rele
m' papa. Yo p'ap janm vire do ban mwen ankò. 20 Men,
tankou yon fanm k'ap twonpe mari l', nou menm, moun
peyi Izrayèl yo, nou twonpe m'. Se mwen menm Seyè a ki
di sa. 21 Yo tande yon sèl rèl sou tèt mòn yo: Se pèp
Izrayèl la k'ap kriye, k'ap rele. Paske yo fin pèdi tèt yo, yo
bliye Seyè a, Bondye yo a. 22 Tounen vin jwenn mwen
non, nou tout ki te vire do bay Bondye. M'a geri nou, m'a
fè nou kenbe pawòl nou yo. Nou di: Men nou! Nou tounen
vin jwenn ou. Wi, se ou menm Seyè a ki Bondye nou! 23
Se pou gremesi nou t'ap fè tout bri sa yo sou tèt mòn yo.
Yo pa ka fè anyen pou nou. Wi, se Seyè a, Bondye nou
an, sèl ki ka sove pèp Izrayèl la. 24 Men, depi nou te tou
piti, zidòl k'ap fè nou wont la fin manje dènye sa zansèt
nou yo te kite pou nou: bèf, kabrit ak mouton, pitit gason
ak pitit fi. 25 Se pou nou bese tèt nou jouk atè tèlman nou
wont. Wont la twòp pou nou! Li kouvri nou nèt! Wi, ni nou
ni zansèt nou yo, depi nou tou piti rive jouk jòdi a, n'ap fè
sa ki mal devan Seyè a, Bondye nou an. Nou pa koute
Seyè a, Bondye nou an, pou nou fè sa l' mande nou fè.

4 Men sa Seyè a di ankò: -Nou menm pèp Izrayèl, si
nou vle chanje vre, se tounen pou nou tounen vin
jwenn mwen. Si nou wete vye zidòl nou yo devan je m',
si nou sispann lage kò nou nan raje, 2 si nou pran non
mwen, non mwen menm Bondye vivan an, pou fè sèman,
si nou pa bay manti, si nou pa fè lenjistis, si nou fè sa ki
dwat, lè sa a, tout nasyon yo va mande m' pou beni yo,
y'a fè lwanj mwen. 3 Men sa Seyè a di moun peyi Jida yo
ak moun lavil Jerizalèm yo: Fè bwa nèf. Pa plante nan
pikan. 4 Nou menm ki pote mak kontra m' lan nan kò
nou, kenbe kontra nou fè avè m' lan. Louvri kè nou ban
mwen, nou menm moun peyi Jida ak moun Jerizalèm. Si
nou pa fè sa, m'ap fè kòlè. Tankou yon dife, m'ap boule
nou, poutèt tout move bagay nou fè yo. Lè sa a, pesonn
p'ap ka sove nou anba men m'. 5 Mache pale tout moun
nan peyi Jida a. Fè moun Jerizalèm yo konn sa. Avèti yo!
Kònen twonpèt nan tout peyi a. Rele byen fò. Di yo pou
yo sanble, pou yo kouri ale nan lavil ki gen ranpa yo. 6 Ba
yo direksyon mòn Siyon an! Kouri al kache! Pa mize sou
wout! Mwen menm, Seyè a, m' ap fè yon malè soti nan
nò. Li pral fè gwo dega. 7 Tankou yon lyon ki soti nan
kachèt li anba raje, moun ki pral detwi nasyon yo derape.
Li kite lakay li, l'ap vin devaste peyi Jida a. L'ap boule
lavil peyi Jida yo, li p'ap kite yon moun ladan yo. 8 Se
poutèt sa, mete rad sak sou nou! Kriye! Plenn sò nou!
Paske se pa ti move Seyè a move, li p'ap fè pa nou! 9
Seyè a di konsa: -Jou sa a, wa a ansanm ak chèf li yo
ap pèdi kouraj. Prèt yo pral sezi, pwofèt yo p'ap konn sa
pou yo di. 10 Lè sa a, mwen di: Aaa! Seyè, Bondye! Ou
twonpe moun lavil Jerizalèm yo nèt. Ou te di yo yo pa t'ap
gen pwoblèm menm, epi se yon nepe ou voye pou touye
yo. 11 Yon jou ap vini. Lè sa a, y'a di pèp lavil Jerizalèm
lan: Men yon van byen cho k'ap soufle soti nan dezè a.
L'ap desann sou moun pèp Jida yo. Se pa yon ti van pou
vannen, ni pou netwaye grenn. 12 Men se yon gwo van
m'ap fè soti laba a. Koulye a se mwen menm, Seyè a, ki
pral ba yo santans yo. 13 Gade! Men lènmi yo ap vini
tankou nwaj nan syèl la. Cha lagè yo tankou yon van
siklòn. Chwal yo pi rapid pase malfini. Zafè nou pa bon!
Y'ap fini ak nou! 14 Moun Jerizalèm, lave mechanste ki
nan kè nou pou nou ka sove. Kilè n'a sispann fè move lide
nan tèt nou? 15 Depi lavil Dann y'ap bay nouvèl la. Depi
sou mòn Efrayim lan y'ap anonse malè a. 16 Y'ap avèti
tout nasyon yo. Y'ap fè lavil Jerizalèm konnen sa k'ap
rive l'. Lènmi ap soti nan yon peyi byen lwen. Y'ap rele
byen fò, y'ap kouri sou lavil Jida yo. 17 Yo pral sènen lavil
Jerizalèm tankou moun k'ap veye jaden, paske moun li yo
te refize obeyi Seyè a. Se Seyè a menm ki di sa. 18 Jida,
se lenkondite ou ak move lajisman ou ki lakòz tou sa. Se
mechanste ou ki fè sa rive ou. Sa pa dous menm! Li frape
ou nan kè. 19 Ay! Vant mwen! Vant mwen! Tout anndan m'
ap fè m' mal! Kè mwen ap bat byen fò. M' pa ka pa pale.
Mwen tande twonpèt lagè a ansanm ak rèl moun k'ap
atake yo. 20 Y'ap anonse malè sou malè! Y'ap fini ak tout
peyi a. Nou rete konsa, nou wè yo kraze tout tant nou yo.
Yo demoli tout kay andeyò nou yo. 21 Kilè m'a wè bout
batay la? Kilè m'a sispann tande twonpèt lagè a? 22 Seyè
a di konsa: Pèp mwen an sòt! Yo pa konnen m'! Se yon
bann timoun, lespri yo bouche! Yo pa konprann anyen! Yo
fò nan fè sa ki mal ase. Yo pa konn fè sa ki byen. 23
Mwen gade tè a: Pa yon pyebwa! Anyen menm! Mwen
gade syèl la: Pa yon ti limyè! 24 Mwen gade mòn yo, yo
t'ap tranble! Mwen gade ti bit yo, yo t'ap balanse adwat
agoch! 25 Mwen gade, m' pa wè yon moun. Tout zwazo
yo met deyò. 26 Bèl jaden yo tounen dezè. Tout lavil yo
boule ratè. Se travay Seyè a, paske Seyè a move anpil.
27 Men sa Seyè a di: Se pou tout tè a tounen dezè. Men,
mwen p'ap fin detwi l' nèt. 28 Tè a nan lapenn. Syèl la tou
nwa. Seyè a pale, li p'ap tounen sou sa li di. Li fin pran
desizyon l', li p'ap chanje lide. 29 Lè yo tande bri kavalye
yo ak mesye k'ap tire flèch yo, tout moun nan lavil la pran
kouri. Gen ki kouri al kache nan bwa. Gen ki kouri moute
nan wòch yo. Tout lavil yo san moun ladan yo. Pa gen
yon moun ki rete la ankò. 30 Ou menm, lavil Jerizalèm,
ou fini! Kisa ou ka fè? W'ap mete bèl rad wouj sou ou?
W'ap mete tout bijou ou yo? W'ap pentire po je ou? Ou
mèt fè ou bèl, sa p'ap sèvi ou anyen. Se meprize moun ki
te renmen ou yo ap meprize ou! Yo soti pou yo touye ou.
31 Mwen tande yon rèl, tankou rèl fanm ki gen tranche, rèl
fanm k'ap fè premye pitit li. Se rèl moun lavil Jerizalèm yo

k'ap chache pran souf. Y'ap lonje men yo. Y'ap rele: -
Anmwe! Nou pa kapab ankò! Men y'ap fin touye nou.

5 Mache toupatou nan lavil Jerizalèm. Louvri je nou!
Gade sa k'ap fèt! Chache sou tout plas piblik yo!
Eske nou jwenn yon nonm, yon sèl k'ap fè sa ki dwat, ki
p'ap chache twonpe Bondye? Si nou jwenn yonn, m'ap
padonnen tout lavil la. **2** Yo te mèt pran non m' pou fè
sèman, se pou twonpe moun. **3** Seyè, mwen konnen se
moun ki p'ap twonpe ou w'ap chache! Ou frape yo, sa pa
fè yo anyen. Ou kraze yo, yo derefize aprann. Tèt yo di
kou wòch. Yo derefize tounen vin jwenn ou! **4** Mwen di
nan kè m': Se yon bann tèt mare ki pa konprann anyen,
yo fin fou! Yo pa konnen ni sa Seyè a mande yo fè, ni sa
Bondye yo a vle yo fè. **5** Mwen pral jwenn grannèg yo,
m'a pale ak yo. Sèten, yo menm yo konnen ni sa Seyè a
mande yo fè, ni sa Bondye yo a vle yo fè. Men, pa gen
yonn ladan yo ki rekonèt otorite Bondye ankò. Yo tout
ap fè sa yo pito. **6** Se poutèt sa lyon ki nan rakbwa ap
devore yo. Chen mawon ki nan savann ap dechèpiye yo.
Leyopa ap anvayi lavil yo. Si yon moun mete tèt deyò,
y'ap depatcha li. Paske yo fè anpil peche. Se tout tan y'ap
twonpe Bondye! **7** Nan kondisyon sa a, ki jan pou m' ta
padonnen moun lavil Jerizalèm yo? Yo vire do ban mwen.
Y'ap pran non yon bondye ki pa Bondye tout bon pou fè
sèman. Mwen te ba yo tou sa yo bezwen. Men, yo lage
kò yo nan fè adiltè. Y'ap goumen konsa pou yo antre kay
jennès. **8** Yo tankou poulen chwal byen gra ki cho dèyè
jiman. Y'ap plede kouri dèyè madanm frè parèy yo. **9** Atò,
pou m' pa ta pini yo pou sa? Pou m' pa ta pran revanj
mwen sou yon nasyon konsa? Se mwen menm Seyè a ki
di sa **10** Se pou moun eskalade miray yo. Se pou moun
devaste jaden yo. Men, yo pa bezwen fini nèt ak yo. Se
pou yo rache branch yo met atè, paske se pa pou mwen
yo ye. **11** Ni moun Izrayèl yo, ni moun Jida yo trayi m' nèt.
Se mwen menm Seyè a ki di sa. **12** Wi, yo nye Seyè a.
Y'ap plede di: Seyè a pa egziste! Pa gen malè ki pou rive
nou. P'ap gen lagè. P'ap kras gen grangou! **13** Pwofèt yo
p'ap di anyen la a. Se pa Bondye k'ap pale nan bouch yo.
Malè yo wè a, se sou yo pou l' tonbe. **14** Se poutèt sa,
men sa Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a, di m': -
Jeremi, poutèt sa yo di a, m'ap fè pawòl mwen mete nan
bouch ou tounen yon dife. Yo menm, y'ap tankou fachin.
Dife a pral boule yo nèt. **15** Men sa Seyè a di ankò: -Nou
menm, pèp Izrayèl, Seyè a pral fè yon nasyon soti byen
lwen vin atake nou, yon nasyon ki fò, yon nasyon ki la
depi lontan, yon nasyon ki pale yon lang nou pa konnen,
yon nasyon nou p'ap konprann sa y'ap di. **16** Sòlda k'ap
tire flèch yo se vanyan gason yo ye, y'ap touye moun san
gad dèyè. **17** Y'ap devore tout rekòt ak tout manje nou yo.
Y'ap touye ni pitit gason, ni pitit fi nou yo. Y'ap koupe tèt
bèf, tèt kabrit ak tèt mouton nou yo. Y'ap koupe dènye
pye rezen ak dènye pye fig frans nou yo met atè. Y'ap
kraze dènye lavil ak ranpa nou te kwè ki ta ka pwoteje
nou yo. Y'ap vini atake nou ak nepe. **18** Men sa Seyè
a di ankò: -Men, menm lè sa a, mwen p'ap detwi pèp
mwen an nèt. **19** Lè y'a mande poukisa Seyè a, Bondye
yo a, ap fè yo sibi tou sa, w'a di yo: Menm jan yo te vire
do ban mwen pou y' al sèvi bondye moun lòt nasyon yo
isit nan pwòp peyi yo a, konsa tou, nou pral sèvi moun
lòt nasyon yo nan yon peyi ki pa pou nou. **20** Seyè a di
ankò: -Men sa pou ou di moun fanmi Jakòb yo. Men sa
pou ou fè moun Jida yo konnen. Di yo konsa: **21** Louvri
zòrèy nou byen pou nou tande, bann egare san konprann!
Nou gen je, men nou pa ka wè. Nou gen zòrèy, men nou
pa ka tande. **22** Se Seyè a k'ap pale ak nou: Poukisa
nou pa gen krentif pou mwen? Se mwen menm ki mete
sab pou sèvi limit pou lanmè a, yon limit k'ap la pou tout
tan, yon limit li p'ap ka janm depase. Lanm lanmè yo mèt
move, yo p'ap ka fè anyen. Lanmè a te mèt gwonde, li
p'ap ka janm depase l'. **23** Men pèp la gen tèt di, yo pa
vle koute. Yo vire do ban mwen, y' al kite m'. **24** Sa pa
janm vin nan lide yo pou yo di: Annou gen krentif pou
Seyè a, Bondye nou an, li menm ki voye lapli lè pou n'
gen lapli, ki ban nou sezon rekòt nou chak lanne. **25** Se
mechanste nou ki boulvèse tout bagay sa yo. Se peche
nou yo ki fè nou pa jwenn tout bon bagay sa yo. **26** Gen
yon bann mechan k'ap viv nan mitan pèp mwen an. Y'ap
veye konsa tankou moun k'ap tann kabann pou zwezo. Yo
mete pèlen pou pran moun. **27** Menm jan chasè yo plen
kalòj yo ak zwezo, konsa tou, yo plen kay yo ak sa yo
vòlò. Se sa ki fè yo grannèg, yo rich konsa. **28** Yo gra, po
figi yo klere ak grès. Yo pa gen limit nan fè sa ki mal. Pou
yo ka rive, yo kraze tout moun anba pye yo, ata timoun
san papa. Yo pa defann kòz malere. **29** Atò, pou m' pa ta
pini yo pou sa? Pou m' pa ta pran revanj mwen sou yon
nasyon konsa? Se mwen menm, Seyè a, ki di sa. **30** Sa
k'ap pase nan peyi a, se bagay pou moun mete men nan
tèt, bagay pou fè moun pè. **31** Annik manti ase pwofèt yo
ap bay. Prèt yo menm, se pòch yo ase yo konnen. Pèp la
menm renmen l' konsa. Men, kisa y'a fè lè tou sa va fini?

6 Nou menm moun branch fanmi Benjamen yo, kouri
al kache! Chape kò nou soti lavil Jerizalèm. Kònen
twonpèt lavil Tekoa. Limen yon dife lavil Bèt Achirèm pou
bay siyal la. Yon gwo malè, yon malè sèk k'ap soti nan nò
pandye sou tèt nou. **2** Ou menm lavil Jerizalèm, atout ou
bèl la, atout tout moun renmen ou lan, yo pral detwi ou. **3**
Wa yo ap moute vin sènen lavil la ak lame yo. Yo pral
moute tant yo fè wonn li, chak moun bò pa yo. **4** Yo di tout
moun Bondye bay lòd atake lavil Jerizalèm: Leve non!
Ann al atake l' gwo midi. Men, apre sa yo di: Gade malè ki
rive nou non! Solèy gen tan ap kouche. Konmanse fènwa.
5 Leve non! Ann al atake l' gwo lannwit. Nou pral detwi
tout gwo bèl kay li yo. **6** Men sa Seyè ki gen tout pouvwa
a di wa yo: -Koupe bwa, bwote tè, fè gwo bit nan pye
miray lavil Jerizalèm. M'ap regle lavil la, paske nan tout
lavil la se gwo k'ap peze piti. **7** Menm jan dlo dous toujou
ap souse nan yon pi, se konsa nan lavil la mechanste ap
souse toupatou: Se britalite ak piyay mwen tande y'ap fè.
Se moun k'ap soufri, moun ki anba kou ase mwen wè
devan je m'. **8** Aa! Jerizalèm, se pou sa sèvi ou leson, si

ou pa vle m' lage ou, si ou pa vle mwen fè ou tounen yon
dezè, yon kote pesonn pa rete. 9 Men sa Seyè ki gen tout
pouvwa a di m' ankò: -Yo pral ranmase dènye moun ki
rete nan peyi Izrayèl la, menm jan yo ranmase dènye grap
rezen lè rekòt fini. Y'ap pase men pran yo tout, tankou
moun k'ap pase men nan branch rezen pou rekòlte rezen.
10 Mwen di: -Ki moun ki pral koute m' lè m'a pale, lè m'a
bay avètisman sa yo? Zòrèy yo bouche. Yo refize tande
sa m'ap di. Yo pran pawòl Bondye a pou yon jouman. Yo
pa vle tande. 11 Kòlè Seyè a ap bouyi nan kè m' tou, m'
pa ka kenbe ankò. Lè sa a, Seyè a di m': -Al pase kòlè m'
sou timoun ki nan lari yo, sou gwoup jenn gason ki reyini
yo. Y'ap pase men pran tout moun, fanm kou gason. Ata
vye granmoun ki fin viv yo p'ap chape. 12 Y'ap pran kay
yo ansanm ak jaden yo ak madanm yo bay lòt moun.
Mwen pral pini moun ki rete nan peyi a. Se mwen menm
Seyè a ki di sa. 13 Yo tout, gran kou piti, ap fè akrèk dèyè
lajan. Ni prèt yo ni pwofèt yo, yo tout ap twonpe pèp la
pou fè lajan. 14 Yo pa pran malè ki rive pèp mwen an pou
anyen. Y'ap plede di: Tout bagay ap mache byen, pa gen
danje. Epi manti! Anyen p'ap mache. 15 Ou kwè yo ta
wont pou bagay lèd yo fè yo! Non, yo pa wont menm. Yo
pa konn sa ki rele wont. Se poutèt sa, y'ap tonbe menm
jan tout lòt yo te tonbe a. Lè m'a regle ak yo, se va bout
yo. Se mwen menm Seyè a ki di sa. 16 Men sa Seyè a di
ankò: -Rete non sou kous nou! Gade byen! Mande kote
ansyen chemen yo te pase. Mande kote bon wout la ye.
Pran l'. Lè sa a n'a viv ak kè poze. Men yo di: Non, nou
p'ap fè sa! 17 Apre sa, Seyè a chwazi faksyonnè pou
veye pou yo, pou di yo: Atansyon, tande jan y'ap kònen
twonpèt la pou avèti nou. Men, yo di: Non, nou p'ap tande.
18 Se poutèt sa, Seyè a di ankò: -Nou menm, moun lòt
nasyon yo, koute! Nou menm ki sanble la a, vin tande sa
ki pral rive pèp mwen an. 19 Ou menm latè, koute. Mwen
pral fè malè tonbe sou pèp sa a. Se yo ki chache l' ak vye
lide yo gen nan tèt yo. Yo pa vle koute sa m'ap di yo, yo
pa okipe lalwa mwen ba yo a. 20 Ki mele m' ak lansan y'
al chache nan peyi Saba, ak plant santi bon ki soti nan
peyi byen lwen! Zannimo n'ap ofri pou boule pou mwen
yo pa fè m' plezi menm. Bèt n'ap touye pou mwen yo pa
di m' anyen. 21 Se poutèt sa, men sa m'ap di nou: M'ap
mete antrav sou chemen nou. N'ap bite. Papa pral mouri
ansanm ak pitit gason yo. Tout zanmi yo, tout vwazinaj yo
pral mouri tou. 22 Men sa Seyè a di ankò: -Moun ap soti
nan yon peyi bò nan nò. Yon gwo pèp byen lwen ap pare
pou fè lagè. 23 Yo pran banza yo ak frenn yo. Yo mechan
anpil. Se yon bann san manman. Lè yo sou chwal yo, y'ap
fè bri tankou lanmè lè l' move. Yo pare lame yo pou yo vin
fè lagè kont lavil Jerizalèm, sou mòn Siyon an. 24 Moun
lavil Jerizalèm yo ap di: -Nou pran nouvèl la. De bra nou
kase, kè nou sere. N'ap soufri tankou yon fanm ki gen
tranche. 25 Piga pesonn soti al nan jaden. Piga pesonn al
mache sou granchemen yo, paske lènmi nou yo gen zam
nan men yo. Kote moun pase yo pè. 26 Seyè a pale ak
pèp li a, li di l': -Mete rad sak sou nou. Woule kò nou nan
sann dife. Se pou nou gen lapenn tankou si nou te pèdi
sèl pitit gason nou te genyen. Se pou nou plenn ak de ran
dlo nan je nou. Paske moun k'ap vin detwi nou an ap
atake nou san avèti. 27 Ou menm Jeremi, mwen mete ou
la pou sonde pèp mwen an, pou veye sa pèp la ap fè, pou
ou wè sa li vo. 28 Se yon bann move moun ki pa soti pou
yo chanje. Y'ap mache pale moun mal. Tèt yo di tankou
wòch ak fè. Se yon bann lwijanboje. 29 Y'ap vante dife a
byen fò nan fòj la. Dife a fè tout plon yo disparèt. Men, pou
pèp mwen an, ou te mèt fonn yo sou fonn, kras yo p'ap
soti, move grenn yo p'ap disparèt. 30 Yo rele yo vye lajan
san valè, paske mwen menm Seyè a, mwen voye yo jete.

7 Seyè a pale ak Jeremi, li di l' konsa: 2 -Al kanpe devan
gwo pòtay kay Bondye a. Pale byen fò, epi di: Nou
tout moun peyi Jida k'ap vini pase nan pòtay sa a pou n'
al fè sèvis pou Seyè a, koute sa Seyè a voye di nou. 3
Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl
la, di: Se pou nou chanje jan n'ap viv la! Manyè sispann
fè sa n'ap fè a pou m' ka kite nou viv isit la. 4 Nou pa
bezwen kwè pawòl manti y'ap plede repete yo: Sa se gwo
kay Seyè a! Sa se gwo kay Seyè a! Sa se gwo kay Seyè
a! Anyen p'ap rive nou la. 5 Se pou nou chanje jan n'ap
viv la. Sispann fè sa n'ap fè a! Rann tout moun jistis san
patipri. 6 Pa pwofite sou moun lòt nasyon yo, sou timoun
ki san papa yo, sou fanm ki pèdi mari yo. Sispann fè san
moun inonsan koule nan peyi a. Pa kouri dèyè lòt bondye
yo. Se va pou malè nou. 7 Lè sa a, m'a kite nou viv isit la,
nan peyi mwen te bay zansèt nou yo pou tout tan tout
tan. 8 Men, nou chita ap kwè yon bann pawòl manti ki
p'ap sèvi nou anyen. 9 Kouman nou ta vle sa? N'ap vòlò,
n'ap touye moun, n'ap fè adiltè, n'ap fè sèman pou bay
manti, n'ap fè ofrann pou yo boule pou Baal, n'ap kouri fè
sèvis pou yon bann lòt bondye nou pa t' janm konnen
anvan. 10 Lèfini, n'ap vin kanpe devan m' nan kay yo
mete apa pou mwen an, n'ap plede di: Nou sove! Epi nou
donnen pi rèd nan fè bagay mwen pa vle wè? 11 Sanble
nou pran kay yo mete apa pou mwen an fè yon kachèt
pou vòlò? Se sa mwen wè n'ap fè. Se mwen menm Seyè
a ki di sa. 12 Moute Silo, ale wè kote yo te mete apa pou
mwen an, premye kote mwen te chwazi pou m' te rete
nan mitan nou an. Ale wè sa m' te fè l' poutèt mechanste
pèp Izrayèl mwen sa a. 13 Koulye a menm, gade tou sa
nou fè. Se Seyè a menm ki di sa. Se pa ti kras pale mwen
pale nou, nou derefize koute m'. Se pa ti kras rele mwen
rele nou, nou pa reponn. 14 Enben! Sa m' te fè Silo a,
se sa mwen pral fè kay yo mete apa pou mwen an, kay
nou kwè ki ka sove nou an, ak peyi mwen te bay zansèt
nou yo ansanm ak nou an. 15 M'ap wete nou devan je
m', menm jan mwen te voye tout frè nou yo, tout moun
branch fanmi Efrayim yo, jete byen lwen. 16 Seyè a di
ankò: -Jeremi monchè, ou pa bezwen lapriyè nan pye
m' pou pèp sa a. Ou pa bezwen rele, ni ou pa bezwen
lapriyè pou yo. Pa vin plede kòz yo bò kote m'. Paske
mwen p'ap koute ou. 17 Ou pa wè sa y'ap fè nan lavil
peyi Jida yo, ak nan lari lavil Jerizalèm? 18 Timoun yo ap

ranmase bwa. Mesye yo ap limen dife. Medam yo ap bat
farin pou fè gato pou Larenn syèl la. Y'ap ofri diven vide
atè pou lòt bondye. Y'ap fè tou sa pou yo fè m' lapenn. **19**
Men, se pa mwen y'ap fè mal. Se Seyè a menm ki di sa.
Se pwòp tèt yo menm y'ap fè mal, se tèt yo y'ap fè wont.
20 Se poutèt sa, men sa mwen menm, Seyè ki gen tout
pouvwa a, mwen di: Mwen pral pase gwo kòlè m' ni sou
Tanp lan, ni sou moun, ni sou bèt, ni sou pyebwa, ni sou
rekòt yo. Kòlè mwen pral tankou yon dife pesonn p'ap ka
tenyen. **21** Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye
pèp Izrayèl la, di ankò: -Pran tout vyann nou te konn ofri
pou boule nan dife, mete yo sou vyann bèt nou touye yo.
Lèfini, manje tout. **22** Lè mwen t'ap fè zansèt nou yo soti
peyi Lejip, mwen pa t' ba yo ankenn lòd sou bèt pou yo te
boule nan dife pou mwen, ni sou bèt pou yo te touye pou
mwen. **23** Sèl bagay mwen te mande yo, se pou yo te
koute m' lè m'ap pale ak yo. Konsa m'a toujou Bondye
yo. Yo menm y'a pèp mwen. Mwen te di pou yo te swiv
chemen mwen t'ap mete devan yo, pou tout bagay te ka
mache byen pou yo. **24** Men, yo pa t' vle koute m', yo te
bouche zòrèy yo. Yo fè sa ki nan lide yo, yo fè tèt di. Pase
yo vin pi bon, yo vin pi mal. **25** Depi jou zansèt nou yo te
soti kite peyi Lejip rive jòdi a, mwen toujou voye sèvitè m'
yo, pwofèt yo, pou pale ak nou. **26** Men, pesonn pa koute
yo, tout moun bouche zòrèy yo. Nou fè tèt di, nou fè pi
mal pase zansèt nou yo. **27** Se poutèt sa, Jeremi, ou
pral di yo tou sa, men yo p'ap koute ou. W'ap rele yo,
men yo p'ap reponn. **28** W'a di yo: se yon nasyon ki pa
koute sa Seyè a ap di yo yo ye. Malgre Bondye pini yo, yo
pa chanje. Pesonn pa kenbe pawòl yo ak li. Yo pa pale
sou sa menm ankò. **29** Nou menm moun lavil Jerizalèm,
koupe tout cheve nan tèt nou voye jete. Moute sou tèt
mòn yo, pou nou chante plenn sò nou, paske Seyè a pa
vle wè moun ki fè l' fache. Li vire do ba yo, li voye yo jete.
30 Moun peyi Jida yo fè sa ki mal devan je m'. Se Seyè a
menm ki di sa: Yo pran zidòl yo, yo enstale yo nan kay yo
te mete apa pou mwen an. Konsa, li pa nan kondisyon
pou sèvi m' ankò. **31** Nan Fon Benninon an, yo bati yon
lotèl yo rele Tofèt pou yo ka boule pitit gason ak pitit fi yo
nan dife sou li. Sa se bagay mwen p'ap mande yo fè,
bagay ki pa janm vin nan lide m' pou m' mande yo fè.
32 Se poutèt sa, men sa mwen menm Seyè a, mwen di:
Yon lè yo p'ap rele kote sa a Tofèt, osinon Fon Benninon,
men Fon Masak: Se la y'a antere moun, paske p'ap gen
plas lòt kote ankò pou antere yo. **33** Kadav moun yo va
sèvi manje pou zwazo nan syèl ak bèt nan bwa. P'ap gen
pesonn pou pouse bèt yo ale. **34** Peyi a pral tounen yon
dezè. Nan lavil peyi Jida yo ak nan lari lavil Jerizalèm, ou
p'ap tande yon moun ap pran plezi l', ou p'ap tande yon
moun ap ri. p'ap menm gen fèt pou moun marye yo. Se
mwen menm k'ap fè tou sa rive.

8 Men sa Seyè a di ankò: -Lè sa a, yo pral detere
zosman wa Jida yo, zosman chèf li yo, zosman prèt
yo, zosman pwofèt yo, zosman tout moun ki te rete lavil
Jerizalèm yo. **2** Yo pral kite yo atè a konsa devan solèy
la, devan lalin lan, devan zetwal yo ki nan syèl la, paske
se bagay sa yo moun sa yo te renmen, se sa yo t'ap sèvi,
se sa yo t'ap swiv. Se sa yo t' al mande sa pou yo fè. Se
pou yo yo t'ap fè sèvis. Pesonn p'ap ranmase zosman yo
pou antere yo. Y'a tounen fimye atè a. **3** Nan move ras sa
a, gen yon ti rès moun ki va chape. Mwen pral gaye yo
yon bann kote sou latè pou yo rete. Lè sa a, y'a règrèt yo
pa t' mouri pito. Se Seyè a ki gen tout pouvwa a menm ki
di sa. **4** W'a di yo pou mwen men pawòl ki soti nan bouch
Seyè a: Lè yon moun tonbe, èske li pa leve ankò? Lè yon
moun pèdi chemen l', èske li pa tounen kote l' soti a? **5**
Poukisa atò, nou menm pèp lavil Jerizalèm, nou vire do
ban mwen, epi nou pa vle chanje? Nou kenbe pye zidòl
nou yo la tòt. Nou derefize tounen vin jwenn mwen. **6** M'
pare zòrèy mwen pou m' tande tout sa n'ap di: Men, pawòl
ki soti nan bouch nou pa laverite. Pa gen yonn nan nou ki
gen lapenn pou mechanste n'ap fè yo. Pa gen yonn ki di:
Kisa m'ap fè la a konsa? Tankou yon chwal k'ap kouri pou
al nan lagè, yo pa tande yo pa wè, yo lage kò yo pi fon
nan mechanste yo. **7** Ata zwezo yo rele sigòy yo konnen
lè pou yo tounen lakay yo. Menm toutrèl, ziwondèl ak
valèt, yo konnen lè pou yo vwayaje tounen. Men, nou
menm pèp mwen an, nou pa konnen regleman mwen ban
nou pou nou swiv yo. **8** Ki jan nou ka fè di nou gen bon
konprann, lalwa Seyè a avèk nou? Men dirèktè lalwa yo,
se yon bann malonèt. Avèk bèl pawòl yo, yo fè l' di sa li
pa di. **9** Nou fè moun ki gen bon konprann yo wont. Yo
kraponnen, yo kite moun pran tèt yo. Yo voye pawòl Seyè
a jete. Kote bon konprann yo koulye a? **10** Se poutèt sa
m'ap pran madanm yo bay lòt moun. M'ap pran jaden yo
bay moun k'ap anvayi peyi yo a. Paske yo tout, gran kou
piti, ap fè akrèk dèyè lajan. Ni pwofèt yo, ni prèt yo, yo
tout ap twonpe pèp la pou fè lajan. **11** Yo pa pran malè ki
rive pèp mwen an pou anyen. Y'ap plede di: Tout bagay
ap mache byen! Pa gen danje! Epi, manti! Anyen p'ap
mache. **12** Ou kwè yo ta wont pou bagay lèd yo fè yo?
Bichi! Yo pa wont menm. Yo pa konn sa ki rele wont. Se
poutèt sa, yo pral tonbe menm jan lòt yo te tonbe a. Lè
m'a pini yo, se va bout yo. Se Seyè a ki di sa. **13** Mwen
te soti pou m' te ranmase pèp mwen an tankou moun
k'ap ranmase rekòt li. Men, yo te tankou pye rezen san
yon rezen ladan l', tankou pye fig frans san yon fig frans
ladan l'. Se poutèt sa m' kite etranje pran peyi a nan men
yo. **14** Pèp la menm ap di: -Poukisa nou rete bra kwaze
konsa? Annou sanble! Ann kouri ale nan lavil ki gen ranpa
yo! Se la pou nou mouri. Paske Seyè a, Bondye nou an,
kondannen nou pou n' mouri. Li ban nou pwazon pou n'
bwè, paske nou antò devan li. **15** Nou t'ap tann li ban nou
kè poze ak lasante. Men anyen pa mache. Nou t'ap tann li
vin geri nou, men se pè l'ap fè nou pè. **16** Lènmi deja rive
nan zòn lavil Dann lan. Nou tande souf chwal yo. Tout tè
a ap tranble lè chwal yo ap ranni. Lènmi an ap vini, l'ap
detwi peyi a ansanm ak tou sa ki ladan l'. L'ap kraze lavil
yo ansanm ak tout moun ki ladan yo. **17** Seyè a di ankò: -
Men m'ap lage sèpan dèyè nou, move sèpan nou p'ap ka

chame. Y'ap mòde nou. 18 Anyen pa ka soulaje lapenn
mwen! Kè m' ap fann! 19 Koute jan pèp mwen an ap rele
mande sekou toupatou nan peyi a. Gen lè Seyè a pa sou
mòn Siyon an ankò? Gen lè wa Siyon an pa la ankò?
Seyè a reponn: -Poukisa nou fè m' fache konsa? N'ap
sèvi zidòl, n'ap fè sèvis pou bondye lòt nasyon yo ki pa vo
anyen. 20 Pèp la ap rele: -Sezon chalè a fini. Sezon rekòt
la pase. Nou pa sove jouk koulye a! 21 Kè m' ap fann lè
m' wè jan y'ap kraze pèp mwen an. M' pa wè sa pou m' fè
ankò! M' dekouraje nèt. 22 Pa gen renmèd pou yo nan
peyi Galarad? Pa gen dòktè ankò laba a? Poukisa atò
pèp mwen an pa ka jwenn lasante?

9 Jan mwen ta renmen wè tèt mwen tounen yon sous
dlo, de je m' yo tounen de fontenn k'ap bay dlo, pou m'
kriye lajounen kou lannwit, pou moun yo touye nan pèp
mwen an! 2 Jan mwen ta renmen jwenn yon ti kote pou
m' rete nan mitan dezè a, pou m' manyè kite pèp mwen
an, pou m' al byen lwen yo. Yo yonn pa kenbe pawòl yo
ak Bondye. Se yon bann trèt yo ye. 3 Yo toujou pare pou
bay manti. Se metye yo sa. Se sa ki penmèt yo rive vin
chèf nan peyi a. Y'ap fè dezaksyon sou dezaksyon. Yo pa
konnen m' ankò. Se Seyè a menm ki di sa. 4 Se pou
tout moun veye kò yo ak zanmi yo. Pesonn pa ka fè frè
yo konfyans. Paske tout frè vle pase devan pwòp frè yo.
Tout moun ap bay zanmi yo kout lang. 5 Yo tout ap woule
zanmi yo. Pesonn pa di laverite. Y'ap file lang yo pou
bay manti. Y'ap touye tèt yo nan fè mechanste. 6 Y'ap fè
britalite sou britalite. Y'ap twonpe moun yonn dèyè lòt.
Yo derefize rekonèt mwen. Se Seyè a menm ki di sa. 7
Se poutèt sa, men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di: -
Mwen pral pase yo nan dife pou m' netwaye yo tankou yo
fè l' pou lò. Mwen pral sonde yo. Pèp mwen an fè twòp
mechanste. Pou jan yo fè mechanste, se sa m' bliye m'
p'ap fè yo. 8 Lang yo tankou ponya wouye. Se manti ase
ki nan bouch yo. Lè y'ap pale ak zanmi yo, se bèl pawòl
ase ki nan bouch yo. Men nan kè yo, se pèlen y'ap pare
pou yo. 9 Atò pou m' pa ta pini yo pou tout bagay sa
yo? Atò pou m' pa ta pran revanj mwen sou yon nasyon
konsa? Se Seyè a menm ki di sa. 10 Mwen di: -Mwen
pral kriye, mwen pral plenn pou mòn yo, mwen pral plenn
sò patiraj bèt yo. Paske yo fin boule. Pesonn pa pase la
ankò. Ou pa tande bri yon bèt ladan yo. Depi zwezo k'ap
vole nan syèl la jouk bèt nan bwa, tout met deyò, y' ale.
11 M'ap fè lavil Jerizalèm tounen yon pil mazi kote chat
mawon rete. M'ap fè tout lavil peyi Jida yo tounen dezè
san pesonn ladan yo. 12 Mwen mande ki moun gen lespri
ase pou konprann sa k'ap rive la a? Ki moun Seyè a te
esplike bagay sa yo? Se pou l' fè moun konnen poukisa
peyi a fini konsa, poukisa li boule tankou dezè a, poukisa
pa gen pesonn ladan l' ankò. 13 Seyè a reponn mwen: -
Sa rive konsa paske pèp mwen an pa kenbe tou sa mwen
te moutre yo. Yo pa koute m'. Yo pa fè sa m' te di yo fè.
14 Yo fè tèt di pi rèd, yo rete ap sèvi zidòl Baal zansèt
yo te fè yo konnen an. 15 Se poutèt sa, men sa mwen
menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la,
m' di: Mwen pral ba yo zèb anmè pou yo manje, mwen
pral ba yo dlo anpwazonnen pou yo bwè. 16 Mwen pral
gaye yo nan mitan yon bann nasyon ni yo menm ni zansèt
yo pa t' janm konnen. Mwen pral voye lènmi fè yo lagè
jouk mwen fin touye yo nèt. 17 Men sa Seyè a di ankò: -
Kalkile sou sa ki gen pou rive a! Rele medam yo pou yo
vin kenbe rèl la pou nou! Voye chache sa ki konn rele yo!
Fè yo vini! 18 Pèp la di: Di yo fè vit vin plenn sò nou!
Annou kriye, annou fè je nou kouri dlo! 19 Tande rèl moun
yo sou mòn Siyon an. -Woy! Woy! Gade jan nou fini! Ala
wont nou wont! Se pou nou kite peyi nou an! Yo kraze tout
kay nou yo. 20 Mwen di: -Nou menm medam, koute sa
Seyè a ap di. Louvri zòrèy nou pou nou tande pawòl k'ap
soti nan bouch li. Moutre pitit fi nou yo jan pou yo plenn.
Y'a moutre zanmi fi yo jan pou yo rele. 21 Lanmò ap pase
nan fennèt yo. L'ap antre nan gwo bèl kay nou yo. Li pase
men l' pran timoun nan lari, ak jenn gason sou plas mache
yo. 22 Seyè a di: -Kadav yo gaye toupatou, tankou fimye
yo simen nan jaden, tankou grap diri moun k'ap ranmase
rekòt yo kite atè. Pa gen pesonn pou ranmase yo. 23
Piga moun ki gen lespri yo fè grandizè dèske yo gen
bon konprann, ni moun ki vanyan yo dèske yo vanyan,
ni moun rich yo dèske yo rich. 24 Men si yon moun vle
fè grandizè, l'a fè grandizè dèske li konnen m', dèske li
konprann mwen. Paske mwen gen bon kè, Mwen fè sa ki
dwat ak sa ki kòrèk sou latè. Se bagay sa yo ki fè m' plezi.
Se mwen Seyè a ki di sa. 25 Seyè a di ankò: -Yon jou pral
rive kote mwen pral regle moun ki pote mak kontra m' lan
sou kò yo, men ki pa konnen m' nan kè yo: 26 moun peyi
Lejip yo, moun peyi Jida yo, moun peyi Edon yo, moun
peyi Amon yo, moun peyi Moab yo, moun ki koupe cheve
yo kout epi ki rete nan dezè a. Yo yonn pa kenbe kontra
m' lan. Wi, ni moun peyi sa yo ni moun pèp Izrayèl yo, yo
yonn pa kenbe kontra m' lan.

10 Men, koute sa Seyè a di sou nou, nou menm moun
pèp Izrayèl yo. 2 Li di konsa: -Piga nou swiv lòt
nasyon yo. Nou pa bezwen pèdi tèt nou lè nou wè siy
nan syèl la. Se moun lòt nasyon yo ki pou pè lè konsa. 3
Relijyon moun sa yo pa vo anyen. Yo koupe yon pyebwa
nan rakbwa, yo fè yon bòs atizan travay li ak sizo. 4 Yo
dekore l' ak ajan, ak lò. Yo pran mato ak klou yo kloure l'
pou fè l' kanpe pou l' pa tonbe. 5 Bondye sa yo kanpe
tankou pikèt nan jaden konkonm. Yo pa ka pale. Se pote
pou yo pote yo, paske yo pa ka mache. Nou pa bezwen
pè yo, yo pa ka fè anyen ni an byen ni an mal. 6 Seyè,
pa gen tankou ou! Ou gen pouvwa. Yo respekte ou pou
sa ou fè. 7 Ou se wa tout nasyon. Ki moun ki pa ta gen
krentif pou ou! Nan tout moun lespri ki sou latè, nan tout
chèf yo, pa gen tankou ou! 8 Yo tout se yon bann egare
san konprann. Kisa zidòl bwa yo ka moutre yo pase sa? 9
Ajan an, se nan peyi Tasis li soti an fèy plat. Lò a soti nan
peyi Oufaz. Tou sa se travay bòs atizan ak bòs fòjon. Yo
pran twal violèt ak twal wouj pou fè rad mete sou zidòl yo.
Sa tou, se atizan ki fè yo ak men. 10 Men ou menm Seyè,

ou se Bondye tout bon an, Bondye vivan an, Wa ki la pou
tout tan an. Lè ou ankòlè, tout latè pran tranble, nasyon
yo pa ka sipòte. 11 Nou menm, moun pèp Izrayèl yo, n'a
di moun lòt nasyon yo konsa: Tout bondye sa yo ki pa t' fè
syèl la ak latè a pral disparèt sou latè, yo yonn p'ap rete
anba syèl la. 12 Seyè a te fè latè ak fòs pouvwa li. Li
kreye dènye bagay ak bon konprann li. Avèk entèlijans
li, li louvri syèl la anwo latè. 13 Li pase lòd, epi dlo ki
anwo syèl la pran gwonde. Li fè gwo nwaj yo moute soti
toupatou. Li fè zèklè yo klere pou fè lapli vini. Li fè van
yo soti kote li te sere yo. 14 Lè konsa tout moun rete
egare, yo pa konprann anyen. Moun k'ap fè zidòl yo wont
sa yo fè a, paske bondye yo fè yo se fo bondye yo ye,
yo pa gen lavi nan yo. 15 Yo pa vo anyen. Yo bon pou
pase nan betiz. Y'ap disparèt lè Seyè a ap vin regle ak yo.
16 Men, Bondye Jakòb la pa tankou yo. Se li menm ki
fè tout bagay. Li chwazi pèp Izrayèl la pou rele l' pa l'.
Seyè ki gen tout pouvwa a, se konsa yo rele l'. 17 Nou
menm moun lavil Jerizalèm, lènmi sènen nou toupatou.
Ranmase pakèt nou! 18 Men sa Seyè a di nou: Fwa sa a
mwen pral mete nou deyò nan peyi a. M'ap bare chemen
nou pou nou yonn pa chape. 19 Moun Jerizalèm yo rele: -
Ki malè sa a pou nou! Nou pran! Pa gen anyen ki ka sove
nou! Nou te kwè se yon malè nou ta ka sipòte. 20 Yo
ravaje tout tant nou yo. Yo koupe tout kòd ki te kenbe yo.
Nou pèdi tout pitit nou yo, yo pote yo ale. Pa gen pesonn
pou mete tant nou yo kanpe ankò, pesonn pou moute rido
nou yo. 21 Mwen reponn: -Chèf nou yo fin pèdi tèt yo. Yo
pa mande Bondye konsèy. Se poutèt sa yo pa t' kapab fè
anyen. Yo kite pèp la andebandad. 22 Koute non! Nouvèl
la ap kouri vini! Gen yon gwo mouvman nan peyi bò nò a.
Lame l' yo pral fè lavil peyi Jida yo tounen mazi, kote bèt
nan bwa rete. 23 Seyè, mwen konnen pesonn pa mèt tèt
yo, pesonn pa ka kontwole kote yo prale. 24 Korije pèp ou
a, Seyè. Men, pa peze l' twòp! Pa fè kòlè sou li, paske w'a
fini avè l'. 25 Mete ou ankòlè sou nasyon ki pa konnen ou
yo, sou pèp ki p'ap sèvi ou yo. Paske se yo menm k'ap fin
touye pitit Jakòb yo. Y'ap touye yo nèt. Yo fin ravaje peyi
kote nou rete a.

11 Seyè a pale ak Jeremi, li di l' konsa: 2 -Koute
kondisyon nou te pase nan kontra a. W'a pale ak
moun peyi Jida yo ansanm ak moun ki rete lavil Jerizalèm
yo. 3 W'a di yo men sa Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, di:
Madichon pou tout moun ki pa kenbe kondisyon ki nan
kontra a. 4 Se kontra sa a mwen te pase ak zansèt nou
yo lè mwen t'ap fè yo soti kite peyi Lejip, peyi ki te tankou
yon gwo dife nan dèyè yo. Mwen te di yo: Se pou nou
koute m', se pou nou fè tou sa mwen ban nou lòd fè. Se
konsa, n'a yon pèp ki rele m' pa m'. Mwen menm, m'a sèl
Bondye nou. 5 Lè sa a m'a kenbe pwomès ak gwo sèman
mwen te fè bay zansèt nou yo, pou m' te ba yo yon bon
peyi kote lèt ak siwo myèl ap koule tankou dlo. Se peyi sa
a ki pa nou jòdi a! Mwen reponn: -Se vre, Seyè! 6 Apre
sa, Seyè a di m' ankò: -Al repete tout pawòl sa yo byen fò
nan zòrèy moun lavil peyi Jida yo, ak nan zòrèy moun
nan tout lari lavil Jerizalèm. Di yo: Koute kondisyon ki nan
kontra a. Fè tou sa ki ladan l'. 7 Paske, depi lè mwen t'ap
fè zansèt nou yo soti kite peyi Lejip jouk rive jòdi a, mwen
pa manke avèti yo. Depi lè sa a m' dèyè yo, m'ap mande
yo pou yo koute sa m' te di yo! 8 Men yo pa tande, zòrèy
yo bouche. Mwen te mande yo pou yo te fè tou sa mwen
te ba yo lòd fè nan kontra a, men yo derefize. Se konsa
mwen pini yo jan m' te di yo sa nan kontra a. 9 Apre sa,
Seyè a di m' konsa: -Moun Jida ak moun lavil Jerizalèm
moute konplo sou do mwen. 10 Yo tonbe ankò nan menm
peche ak zansèt yo ki te refize koute sa m' t'ap di yo. Yo
menm tou, yo kouri dèyè lòt bondye pou fè sèvis pou yo.
Ni moun peyi Izrayèl yo, ni moun peyi Jida yo pa kenbe
kontra mwen te pase ak zansèt yo a. 11 Enben! Se mwen
menm Seyè a k'ap pale: Mwen pral voye yon malè sou yo.
Yo p'ap ka chape anba l'. Y'a kriye nan pye m', mwen p'ap
koute yo. 12 Lè sa a, se pou moun peyi Jida yo ak moun
ki rete lavil Jerizalèm yo al kriye nan pye bondye y'ap sèvi
yo. Se pa pou yo yo te konn boule ofrann yo! Tansèlman,
bondye sa yo p'ap ka sove yo lè malè a va rive sou yo.
13 Nou menm moun peyi Jida, nou gen yon bondye pou
chak lavil nan peyi a! Nou menm moun lavil Jerizalèm,
mezi lari nou genyen se mezi lotèl nou bati pou boule
ofrann pou Baal, zidòl k'ap fè nou wont la! 14 Ou menm,
Jeremi, ou pa bezwen vin plede pou moun sa yo. Ou pa
bezwen plenyen pou yo, ni ou pa bezwen lapriyè pou yo.
Paske y'a rele nan pye m' lè malè a va rive sou yo, mwen
p'ap tande yo. 15 Seyè a di ankò: -Pèp mwen renmen
anpil la gen move lide dèyè tèt yo. Ki dwa yo genyen pou
yo vin nan Tanp mwen an? Yo gen lè konprann yo ka
egzante malè k'ap vin sou yo a avèk bèl pwomès y'ap
fè m' yo, yo ka chape anba l' avèk vyann anpil bèt y'ap
ofri pou mwen yo, apre sa pou y' al pran plezi yo? 16
Yon lè, mwen te rele yo: Bèl pye oliv mwen an, plen fèy,
chaje donn. Men, koulye a, m'ap vini ak yon bri loraj, m'ap
mete dife nan fèy li yo, m'ap kase tout branch li yo. 17 Se
mwen menm Seyè ki gen tout pouvwa a ki te plante pèp
Izrayèl la ansanm ak pèp Jida a. Men koulye a, mwen
pran desizyon pou m' voye malè sou yo. Se yo menm ki
chache l' avèk tou sa yo fè ki mal: Se yo ki fè m' fache
paske y' al boule ofrann pou Baal! 18 Seyè a fè m' konnen
yo t'ap moute yon konplo sou do mwen. Li fè m' wè jan yo
t'ap manniganse sou do m' pou yo pran m'. 19 Mwen
menm, mwen te tankou yon ti mouton tou dou yo t'ap
mennen labatwa, mwen pa t' konnen se sou do m' yo t'ap
konplote konsa lè yo t'ap di: Annou koupe pyebwa ki byen
kanpe a. Ann disparèt li sou latè pou pesonn pa chonje l'
ankò. 20 Lè sa a, mwen lapriyè, mwen di: -Seyè ki gen
tout pouvwa a, ou se yon jij ki pa nan patipri. Ou sonde
tou sa ki nan kè ak nan lide moun. Mwen lage kòz mwen
nan men ou. Fè m' wè jan w'ap tire revanj ou sou yo. 21
Mesye lavil Anatòt yo te soti pou yo touye m'. Yo di m'
konsa: O wi, si ou louvri bouch ou pou pale nan non Seyè
a ankò, n'ap touye ou. 22 Enben, men sa Seyè ki gen tout
pouvwa a di: M' pral regle ak yo! Jenn gason yo pral mouri

nan lagè. Pitit gason ak pitit fi yo pral mouri grangou. 23
Lè lè a va rive pou yo peye pou sa yo fè a, m'ap voye yon
sèl malè sou moun lavil Anatòt yo. Yo yonn p'ap chape.

12 Ou menm Seyè, ou pa nan patipri. Mwen pa ka
nan plede avè ou. Men, mwen ta renmen mande
ou yon bagay sou sa w'ap fè a. Poukisa zafè mechan
yo mache byen konsa? Poukisa tout moun malonèt yo
alèz konsa? 2 Ou plante yo, yo pran rasin. Yo grandi, yo
donnen. Non ou toujou nan bouch yo! Men, nan kè yo, yo
pa sou bò ou. 3 Men, ou menm Seyè, ou konn ki moun
mwen ye, ou wè sa m'ap fè, ou wè jan m' renmen ou.
Pote mechan yo ale tankou mouton y'ap mennen labatwa!
Kenbe yo la jouk lè a va rive pou yo touye yo! 4 Kilè
n'a sispann wè tè a sèk? Kilè n'a sispann wè zèb nan
jaden yo ap fennen? Zannimo yo ap mouri, zwezo yo ap
depafini. Tou sa, akòz mechanste pèp la k'ap plede di
Bondye pa wè sa n'ap fè. 5 Seyè a di: -Jeremi, si ou pèdi
souf lè w'ap kouri ak moun, ki jan ou ka fè kouri ak chwal?
Si kè ou pa poze lè tout bagay ap mache byen, si se lè
peyi a pa an danje, ou gen kè poze, kisa w'a fè lè larivyè
Jouden ap desann? 6 Ata frè ou yo, pwòp fanmi ou yo,
ap trayi ou. Yo mete tèt yo ansanm ak lòt moun sou do
ou. Pa fè yo konfyans, menm lè ou wè yo ap pale byen
avè ou. 7 Seyè a di ankò: -Mwen lage pèp Izrayèl la,
mwen voye pèp mwen te chwazi a jete, mwen lage pèp
mwen te renmen anpil la nan men lènmi yo. 8 Pèp ki te
rele m' pa m' lan vire do ban mwen. Tankou yon lyon nan
gwo rakbwa, y'ap gwonde sou mwen. Se poutèt sa mwen
pa vle wè yo ankò! 9 Pèp ki te rele m' pa m' lan tankou
yon zwazo tout koulè, malfini sènen l' toupatou. Ale non!
Sanble tout bèt nan bwa. Fè yo vini pran pa yo nan manje
a! 10 Yon bann chèf lòt nasyon ap sakaje jaden rezen
mwen an. Yo kraze jaden m' lan anba pye yo. Yo fè bèl
peyi mwen an tounen yon dezè kote moun pa rete. 11 Yo
fè l' tounen yon savann. Men, li la devan je m'. Li fini, san
anyen ladan l'. Tout peyi a tounen yon dezè, san pesonn
pa di anyen. 12 Moun soti lòt bò mòn ki nan dezè a vin
piye. Paske Seyè a voye lagè pou detwi tout peyi a nèt.
Pesonn pa ka viv ak kè poze. 13 Yo plante ble, yo rekòlte
pikan. Yo travay di, sa pa rapòte yo anyen. Yo wont, rekòt
la pa bay anyen paske Seyè a move anpil. 14 Seyè a di
ankò: -Men sa Seyè a di sou move vwazen pèp li a ki leve
men yo sou peyi li te bay pèp Izrayèl la pou rele l' pa l' la:
Mwen pral rache yo soti nan peyi yo a, tankou pyebwa
y'ap derasinen. M'a wete moun peyi Jida yo nan mitan
yo. 15 Men, lè m'a fin rache yo, m'a gen pitye pou yo.
M'a fè yo tounen lakay yo, nan peyi yo. 16 Si lè sa a yo
aprann viv byen tankou pèp mwen, si yo pran non m' pou
fè sèman sa a: Nan non Seyè ki vivan an!, menm jan yo
te moutre pèp mwen an pou li fè sèman nan non Baal,
enben, lè sa a yo menm tou, y'a fè pati pèp mwen an, epi
zafè yo va mache byen. 17 Men, si yon nasyon pa koute
m', m'ap rache l', m'ap derasinen l', m'ap detwi li nèt. Se
mwen menm Seyè a ki di sa.

13 Seyè a pale avè m', li di m' konsa: -Al achte yon
sentiwon lenn, mare l' nan ren ou. Men, piga ou
tranpe l' nan dlo. 2 Se konsa m' achte yon sentiwon jan
Seyè a te di m' lan. Mwen mare l' nan ren mwen. 3
Apre sa, Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: 4 -
Pran sentiwon lenn ou te achte a, sa ki mare nan ren ou
lan, ale bò larivyè Lefrat la. W'a kache l' nan yon fant
wòch. 5 Mwen leve vre, m' ale bò larivyè Lefrat la, mwen
kache l' jan Seyè a te ban m' lòd la. 6 Apre yon bon ti
tan, Seyè a di m' konsa: -Leve non! Tounen bò larivyè
Lefrat la, al pran sentiwon mwen te ba ou lòd kache a.
7 Se konsa, m' ale bò larivyè Lefrat la, mwen chache,
mwen pran sentiwon an kote m' te kache l' la. Men, li
te gate, li pa t' vo anyen ankò. 8 Lè sa a, Seyè a pale
avè m' ankò, li di m' konsa: 9 -Men ki jan mwen pral
kraze lògèy moun granpanpan peyi Jida yo, ak gwo lògèy
moun lavil Jerizalèm yo. 10 Moun sa yo se move moun
yo ye. Yo refize koute m' lè m' pale yo. Yo fè tèt di, yo
fè tout vye lide ki vin nan tèt yo. Y' al dèyè lòt bondye,
yo fè sèvis pou yo, yo adore yo. Se konsa y'ap tounen
tankou sentiwon lenn lan ki pa bon pou anyen ankò. 11
Menm jan moun mare sentiwon nan ren yo, se konsa
mwen te vle pou moun peyi Jida yo ansanm ak moun lavil
Jerizalèm yo te mare avè m', pou yo te ka yon pèp apa
pou mwen, yon non, yon lwanj, yon bèl bagay pou mwen.
Men yo pa koute m'. Se Seyè a menm ki di sa. 12 W'a di
yo pawoli sa a: Men sa Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, di:
Potich diven fèt pou mete diven ladan l'. Y'a reponn ou:
Men wi, tout potich diven fèt pou mete diven ladan l'. Se
bagay nou konnen. 13 Lè sa a w'a di yo: Men sa mwen
menm Seyè a, mwen di: Mwen pral plen vant tout moun
nan peyi a ak diven jouk yo sou, depi wa a ki chita sou
fotèy David la, prèt yo, pwofèt yo, jouk dènye moun ki rete
lavil Jerizalèm. 14 Apre sa, m'ap frape yo yonn ak lòt pou
yo kraze, granmoun kou timoun, tout ansanm. M'ap san
pitye, mwen p'ap kite yonn chape. Mwen p'ap pran priyè,
m'ap touye yo tout. 15 Nou menm pèp Izrayèl, Seyè a ap
pale, louvri zòrèy nou pou nou tande! Pa fè gwo kòlèt! 16
Fè lwanj Seyè a, Bondye nou an, anvan fènwa bare nou,
pou pye nou pa al bite sou mòn yo lannwit la, anvan li
fè limyè nou t'ap tann lan tounen yon gwo fènwa, yon
dekou ki fènwa kou lank. 17 Si nou pa koute l', mwen pral
kache kò m' yon kote pou m' kriye, paske nou gen twòp
lògèy. Je m' pral koule dlo, yo pral ponpe dlo, paske yo
pral fè pèp Seyè a prizonye, yo pral depòte yo. 18 Seyè
a di m' konsa: -Pale ak wa a ansanm ak manman l'. Di
yo desann soti sou fotèy yo, paske bèl kouwòn ki te sou
tèt yo a tonbe atè. 19 Yo sènen tout lavil ki nan sid peyi
Jida a. Pesonn pa ka pase. Yo depòte dènye moun peyi
Jida yo. Yo pa kite yonn deyò. 20 Jerizalèm, leve je ou
gade. Gade lènmi ou yo k'ap desann soti nan nò! Kote
moun ki te sou kont ou yo, moun ki t'ap fè ou mache tèt
byen wo a? 21 Kisa w'a di lè w'a wè moun ou te kwè ki te
zanmi ou yo leve dèyè ou pou yo vin chèf sou ou nan peyi
ou? Ou pral nan lapenn tankou yon fanm ansent ki gen

tranche. 22 W'a mande tèt ou: Poukisa tout bagay sa yo
ap rive ou? Se paske sa ou te fè a te grav anpil kifè yo
mete ou toutouni, yo fè kadejak sou ou. 23 Moun po nwa
pa ka chanje koulè po yo. Leyopa pa ka wete takte nwa ki
sou kò li yo. Konsa tou, nou menm ki fin gen labitid fè sa
ki mal nou pa ka fè sa byen. 24 Mwen menm, Seyè a,
mwen pral gaye yo tankou pay van ap gaye nan savann.
25 Seyè a di: Men sa k'ap tann nou. Men sa mwen deside
fè nou paske nou te bliye m', nou t' al mete konfyans nou
nan fo bondye. 26 Se mwen menm menm ki pral leve rad
nou jouk sou tèt nou, pou yo wè nou toutouni. 27 Mwen te
wè n'ap fè bagay mwen rayi. Tankou yon nonm marye
k'ap kouri dèyè madanm lòt moun, tankou poulen k'ap
ranni dèyè jiman, nou kouri dèyè lòt bondye, n'ap rele nan
pye yo. San ankenn wont, n'ap fè sèvis pou yo sou tèt ti
mòn yo ak nan laplenn. Aa! moun lavil Jerizalèm, nou fini
vre! Kilè n'a sispann? Kilè n'a manyè netwaye kè nou?

14 Seyè a pale ak Jeremi sou zafè chechrès la, li di l':
2 -Peyi Jida nan gwo lapenn, lavil li yo ap depafini.
Tout moun kouche atè ap plenn. Nan lavil Jerizalèm moun
ap rele anmwe! 3 Grannèg yo voye domestik yo al chache
dlo. Lè yo rive nan sitèn yo, yo pa jwenn yon gout dlo. Yo
tounen ak veso yo vid. Yo wont, yo pa konn sa pou yo di.
Yo bouche figi yo. 4 Tè a fann fann. Pa gen yon gout
lapli. Abitan pa konn sa pou yo fè. Se men nan tèt. 5
Nan jaden, kabrit yo met ba, lèfini, yo sove kite ti kabrit
yo, paske pa gen zèb pou yo manje. 6 Bourik mawon yo
rete kanpe sou tèt ti mòn yo, y'ap pran fre tankou chen
mawon. Je yo bouke, yo pa wè ladan yo, paske pa gen
zèb pou yo manje. 7 Pèp la ap rele nan pye Bondye,
y'ap di: -Menm si sa nou fè a kont pou kondannen nou,
ou menm, Seyè, fè kichòy pou sa ka sèvi yon lwanj pou
ou non! Paske se pa ni de ni twa fwa nou vire do ba ou
nan fè peche kont ou. 8 Ou se tout espwa pèp Izrayèl
la! Se ou ki delivre nou lè malè te pandye sou tèt nou.
Poukisa ou aji tankou yon etranje, tankou yon vwayajè
k'ap pase yon nwit ase nan peyi nou an? 9 Poukisa w'ap
fè tankou yon moun ki dekontwole, tankou yon sòlda ki pa
gen kouraj pou fè anyen pou pesonn? Seyè, nou sèten
ou la nan mitan nou. Se pèp ou nou ye. Tanpri, pa lage
nou! 10 Men sa Seyè a di pèp la: -Wi! Yo renmen al fè
vakabon, yo pa ka ret an plas. M' pa kontan ak yo. M'ap
chonje tout mal yo fè, m'ap pini yo pou tout peche yo fè.
11 Apre sa, Seyè a di m' konsa: -Pa vin mande m' pou
m' fè anyen pou pèp sa a. 12 Yo te mèt fè jèn, mwen
p'ap tande rèl yo. Yo te mèt ofri bèt pou boule pou mwen
ansanm ak grenn jaden, se pa sa k'ap fè m' kontan ak yo.
Okontrè, mwen pral fè yo mouri nan lagè, nan grangou ak
anba maladi. 13 Lè sa a mwen di: -Bondye ki gen tout
pouvwa a, ou konnen jan pwofèt yo ap plede di pèp la yo
pa bezwen pè, p'ap gen lagè, grangou p'ap tonbe sou yo,
paske ou te pwomèt y'ap toujou viv ak kè poze nan peyi
a. 14 Men, Seyè a reponn, li di m' konsa: -Se pa vre sa
pwofèt yo ap di a. Yo pran non m' pou bay manti! Se pa
kras mwen menm ki voye yo. Mwen pa ba yo ankenn lòd,
mwen pa janm pale ak yo. Si yo fè vizyon, se pa mwen ki
ba yo l'. Si yo di yo konnen sa ki pral rive, se manti. Se
lide yo fè nan tèt yo konsa pou twonpe pèp la, se sa ase
yo ka louvri bouch yo di. 15 Se poutèt sa, men sa Seyè
a di li pral fè pwofèt li pa t' janm voye yo men ki pran
non l' pou di pèp la p'ap gen lagè ni grangou nan peyi
a: Se nan lagè ak nan grangou tout pwofèt sa yo pral
mouri! 16 Moun yo t'ap bay mesaj sa yo pral fini menm
jan an tou. Yo pral mouri nan lagè ak nan grangou, yo
menm, madanm yo, pitit gason ak pitit fi yo. Yo pral jete
kadav yo nan tout lari lavil Jerizalèm. P'ap gen pesonn
pou antere yo. Se konsa m'ap fè yo peye mechanste yo.
17 Men sa w'a di yo ankò: -Se pou je m' koule dlo san rete
lajounen kou lannwit, paske pèp mwen an tankou yon tifi
ki pran gwo frakti, l'ap soufri rèd soufri. 18 Lè m' soti al
nan jaden, mwen wè kadav moun yo touye nan lagè. Lè
m' antre nan lavil la, mwen wè moun ap mouri grangou!
Pwofèt yo menm ansanm ak prêt yo ap mache nan tout
peyi a, yo pa konn sa y'ap fè. 19 Seyè, gen lè ou voye
pèp Jida a jete nèt? Eske ou rayi moun mòn Siyon yo?
Poukisa ou frape nou konsa jouk nou pa ka geri a? Nou
t'ap tann ou vin delivre nou, anyen pa rive. Nou t'ap tann
ou vin geri nou, ou fè nou pè pi rèd. 20 Seyè, nou rekonèt
nou antò. Nou rekonèt zansèt nou yo te fè sa ki mal. Wi,
nou tout nou antò devan ou. 21 Chonje ki moun ou ye, pa
meprize nou! Jerizalèm, se la fotèy pouvwa ou la chita.
Pa avili l'. Pa bliye pwomès ou yo. Pa kase kontra ou te fè
ak nou an. 22 Zidòl moun lòt nasyon yo pa vo anyen. Pa
gen yonn ladan yo ki ka voye lapli. Syèl la pou kont pa l'
pa ka bay lapli. Se ou menm ki Seyè a, Bondye nou an!
Se ou menm ki tout espwa nou, paske se ou menm ki fè
tout bagay sa yo.

15 Lè sa a, Seyè a di m' konsa: -Menm si Moyiz ak
Samyèl ta kanpe la pou plede avè m' pou yo, mwen
pa t'ap gen pitye pou pèp sa a. Wete yo devan je m'. Fè
yo ale. 2 Lè y'a mande ou kote pou yo ale, w'a di yo: Men
sa Seyè a di: Sa ki la pou mouri anba maladi pral mouri
anba maladi! Sa ki la pou mouri nan lagè pral mouri nan
lagè! Sa ki la pou mouri grangou pral mouri grangou! Sa
ki la pou depòte, yo pral depòte yo! 3 Mwen pral voye kat
kalite malè sou yo. Se mwen menm Seyè a ki di sa: Nepe
pou touye yo, chen pou trennen yo pote ale, zwezo nan
syèl pou devore yo, bèt nan bwa pou fini ak yo. 4 M'ap fè
tout nasyon sou latè sezi lè y'a wè sa ki rive yo poutèt sa
Manase, pitit gason Ezekyas la, te fè nan lavil Jerizalèm
lè li te wa nan peyi Jida a. 5 Seyè a di: -Ki moun ki va
gen pitye pou nou, nou menm moun lavil Jerizalèm? Ki
moun ki va pran lapenn pou nou? Ki moun ki va kite sa
y'ap fè pou vin pran nouvèl nou? 6 Se nou menm ki voye
m' jete. Se Seyè a menm ki di sa. Se nou menm ki vire do
ban mwen. Se konsa, mwen leve men m' sou nou pou m'
detwi nou, paske mwen bouke pran pasyans ak nou. 7
Nan tout ti bouk nan peyi a, mwen mete nou nan laye
pou vannen nou tankou pay. Mwen detwi pèp mwen an,
mwen kite yo san pitit. Men, yo pa kite move chemen yo

t'ap swiv la. 8 Mwen fè gen plis madanm ki pèdi mari yo
nan peyi a pase gen grenn sab bò lanmè. Mwen touye
jenn gason nou yo ki te fèk parèt nan lavi a. Mwen mete
manman yo nan lapenn. M' rete konsa m' ba yo kè sere ak
kè sote. 9 Manman ki pèdi sèt pitit la tonbe san konesans.
Souf li kout. Gwo midi, solèy kouche pou li. Li wont, li pa
konn sa pou l' fè ankò. M'ap lage sa ki vivan toujou nan
nou yo nan men lènmi k'ap touye yo. Se mwen menm
Seyè a ki di sa. 10 Ala yon malè pou mwen! O manman
mwen, poukisa ou te fè m'? Mwen nan kont, mwen nan
pale anpil ak tout moun nan peyi a. Mwen pa prete moun
lajan, mwen pa prete lajan nan men moun. Malgre sa,
tout moun ap ban m' madichon. 11 Seyè, se pou tout
madichon yo rive m' vre si mwen pa sèvi ou byen, si
mwen pa t' plede avè ou pou tout lènmi m' yo, lè yo te
nan malè, lè yo te nan tou sak pa bon. 12 Pesonn pa ka
kraze bout fè k'ap soti nan nò a, fè ki melanje ak kwiv la.
13 Seyè a di m' ankò: -M'ap pran tout richès ak tout trezò
pèp mwen an, m'ap lage yo nan piyay. Se konsa yo pral
peye pou tout peche yo te fè toupatou nan peyi a. 14
M'ap fè nou tounen domestik lènmi nou yo nan yon peyi
nou pa konnen, paske nou fè m' fè kolè. Tankou yon dife
m'ap boule nou. 15 Lè sa a mwen di: -Ou menm, Seyè,
ou konn tout bagay. Pa bliye m' non! Vin pote m' sekou!
Tire revanj pou mwen sou moun k'ap pèsekite m' yo! Pa
al twò dousman ak yo pou yo pa gen tan touye m'. Chonje
se poutèt ou y'ap joure m' konsa! 16 Lè ou pale avè m',
mwen koute tou sa ou di m'. Pawòl ou yo, se tout plezi m'.
Yo fè kè m' kontan, paske yo mete m' apa pou ou, Seyè,
Bondye ki gen tout pouvwa a. 17 Mwen pa pèdi tan m'
chita ak moun k'ap bay blag pou m' pran plezi m' ak yo.
Ou te pran m' anba ponyèt ou. M' mete kò m' sou kote,
paske ou te fè m' fache menm jan avè ou! 18 Poukisa
m'ap soufri san rete konsa? Poukisa kote m' blese a pa
ka geri? M' pa ka jwenn renmèd pou li. Gen lè ou soti pou
ou woule m'? Ou tankou yon sous ki bay dlo lè l' vle. 19
Men sa Seyè a reponn mwen: -Si ou tounen vin jwenn
mwen, m'ap resevwa ou, w'a kanpe devan m' ankò pou
ou sèvi m'. Si ou sispann pale anlè pou se bon pawòl k'ap
soti nan bouch ou ase, m'a fè ou pale pou mwen ankò.
Lè sa a, se pèp la ki va tounen vin jwenn ou. Ou p'ap
bezwen al dèyè yo. 20 M'ap fè ou kanpe devan moun sa
yo tankou yon miray fèt an kwiv byen solid. Y'a goumen
avè ou, men yo p'ap ka fè ou anyen. M'ap kanpe la avè
ou pou m' pwoteje ou, pou m' delivre ou. Se mwen menm
Seyè a ki di sa. 21 M'ap delivre ou anba men mechan yo,
m'ap fè ou soti anba ponyèt lwijanboje yo.

16 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: 2 -Pinga
ou marye pou ou pa gen ni pitit gason ni pitit fi yon
kote konsa. 3 Paske se mwen menm Seyè a k'ap di ou
sa ki pral rive pitit gason ak pitit fi ki fèt isit la, sa ki pral
rive manman ak papa k'ap fè pitit nan peyi a. 4 Move
maladi pral touye yo. P'ap gen moun ni pou kriye pou
yo ni pou antere yo. Kadav yo va tounen fimye atè a.
Y'ap mouri nan lagè, y'ap mouri grangou. Kadav yo ap
sèvi manje pou zwezo nan syèl ak bèt nan bwa. 5 Wi,
men sa Seyè a di ankò: -Pa antre nan kay kote ki gen
lanmò. Pa kriye pou pesonn! Pa moutre moun sa yo ou
nan lapenn pou yo, paske mwen p'ap kite yo ak kè poze
ankò. Se mwen Seyè a ki di sa. Mwen p'ap gen pitye pou
yo ankò. Mwen p'ap fè byen pou yo ankò. 6 Tout moun
nan peyi a pral mouri, rich kou pòv. Yo p'ap antere yo.
Pesonn p'ap kriye pou yo. Pesonn p'ap ni make kò yo
ak kouto, ni koupe cheve nan tèt yo, pou moutre yo nan
lapenn pou yo. 7 Pesonn p'ap manje pen ak diven avèk
moun ki nan lapenn, avèk moun ki gen lanmò nan fanmi
yo. Pesonn p'ap moutre yo nan lapenn ak moun ki pèdi
papa yo osinon manman yo. 8 Pa antre nan kay kote y'ap
fè fèt non plis. Pa chita sou tab pou manje bwè ak yo. 9
Paske men sa mwen menm, Seyè a ki gen tout pouvwa
a, Bondye pèp Izrayèl la, mwen di: Nou tout k'ap viv isit
la, m'ap fè nou wè m'ap fè tout moun sispann fè kè yo
kontan, sispann fè fèt lè y'ap marye. 10 Lè w'a di yo tou
sa, y'a mande ou: Men, poukisa Seyè a pran desizyon
pou li voye gwo malè sa a sou nou? Kisa nou fè ki mal?
Ki krim nou fè ki pa fè Seyè a, Bondye nou an, plezi? 11
Lè sa a, w'a reponn yo: -Men sa Seyè a di: Se paske
zansèt nou yo te vire do ban mwen, y' al dèyè lòt Bondye.
Yo fè sèvis pou yo, yo adore yo, yo vire do ban mwen. Yo
pa kenbe lòd mwen te ba yo. 12 Lèfini, nou menm nou
fè pi mal pase yo. Nou tout ap fè tèt di, n'ap swiv tout
vye lide ki pase nan tèt nou, nou pa vle koute m'. 13 Se
konsa, m'ap mete nou deyò nan peyi sa a, m'ap voye
nou nan yon peyi ni nou menm ni zansèt nou yo pa t'
janm konnen. Se la nou pral sèvi lòt bondye lajounen kou
lannwit. Mwen p'ap fè pa nou ankò. 14 Se konsa, men sa
Seyè a di: -Yon jou va rive lè moun pèp Izrayèl yo p'ap di
lè y'ap fè sèman: Se nan non Seyè a ki vivan, li menm ki
te fè nou soti kite peyi Lejip. 15 Lè sa a, y'a di pito: Se
nan non Seyè a ki vivan, li menm ki fè pèp Izrayèl la soti
kite peyi nan nò a ak tout lòt peyi kote li te gaye yo. Wi,
m'ap mennen yo tounen nan peyi mwen te bay zansèt yo
a. 16 Seyè a di ankò: -Mwen voye chache anpil moun
ki konn fè lapèch pou vin pran yo. Apre sa, m'ap voye
chache kantite moun ki konn fè lachas pou kouri dèyè yo
sou tout mòn, sou tout ti mòn, jouk nan twou wòch. 17 Je
m' louvri sou tou sa y'ap fè. Anyen pa kache pou mwen.
Yo mèt kache kò yo jan yo vle, mwen wè tou sa yo fè ki
mal. 18 Pou konmanse, m'ap fè yo peye doub pou tout
peche yo, pou tou sa yo fè ki mal, paske yo derespekte
tout peyi m' lan ak vye zidòl yo ki tankou kadav santi.
Yo plen peyi a ak fo bondye. 19 Seyè, ou menm ki tout
pwoteksyon mwen, ou menm ki ban m' tout fòs mwen, se
bò kote ou mwen kouri lè mwen nan pwoblèm. Moun lòt
nasyon yo va soti byen lwen, nan dènye bout latè pou yo
vin nan pye ou. Y'a di: -Sa zansèt nou yo te mouri kite
pou nou yo pa bondye tout bon. Se yon bann zidòl ki pa
vo anyen. 20 Eske moun ka fè bondye pa yo? Zidòl sa yo
pa bondye tout bon. 21 Se konsa, fwa sa a, mwen pral
fè yo konprann. Fwa sa a, mwen pral fè yo konnen fòs

ponyèt mwen. Lè sa a, y'a konnen se mwen menm ki
Bondye sèl Mèt la.

17 Seyè a di: -Yo ekri peche moun Jida yo ak yon
sizo an fè. Li make nan kè nou ak yon pwent an
dyaman. Li grave sou kat kwen lotèl nou yo, **2** pou pitit yo
ka chonje tout lotèl yo ak tout poto repozwa yo plante bò
pyebwa plen fèy sou tèt mòn yo. **3** Nou menm k'ap fè
sèvis sou mòn yo, nan mitan pyebwa yo, m'ap fè moun
vin piye richès nou yo ak trezò nou yo poutèt peche nou
te fè sou mòn yo toupatou nan peyi a. **4** Se nou menm
ankò ki pral bay peyi mwen te ban nou an. M'ap fè nou
tounen domestik lènmi nou yo, nan yon peyi nou pa t'
janm konnen paske nou te fè m' fache. Kòlè m' tankou
yon dife ki p'ap janm mouri. **5** Men sa Seyè a di ankò:
-Madichon pou moun ki vire do ban mwen pou mete
konfyans yo nan moun parèy yo, pou konte sou sa moun
ap fè pou yo. **6** Y'ap tankou yon ti pyebwa nan dezè
k'ap pouse nan yon tè sèk, san dlo, nan yon tè sale kote
pèsonn pa rete. Yo p'ap janm wè zafè yo mache byen. **7**
benediksyon pou moun ki mete konfyans yo nan Seyè a,
wi, pou moun ki mete tout espwa yo nan li. **8** L'ap tankou
pyebwa yo plante bò larivyè, k'ap plonje rasin li nan dlo. Li
pa pè anyen lè sezon chalè rive, paske fèy li yo ap toujou
vèt. Te mèt gen yon lanne chechrès, sa pa fè l' anyen, l'ap
toujou donnen. **9** Pa gen anyen ki ka twonpe moun pase
sa ki nan kè lòt moun. Pa gen renmèd pou sa. Ki moun ki
ka rive konprann sa k'ap pase nan kè lèzòm? **10** Mwen
menm Seyè a, mwen konnen tout lide ki nan tèt yo, mwen
sonde santiman ki nan kè yo. M'ap bay chak moun sa yo
merite dapre jan yo mennen bak yo. **11** Moun k'ap fè mal
pou yo ka rive rich, yo tankou zwezo k'ap kouve ze yo pa
t' ponn. Yo poko parèt, y'ap pèdi tou sa yo te genyen.
Anvan yo mouri, yo gen tan pèdi tèt yo. **12** Tanp nou an
tankou yon bèl fotèy ki kanpe sou tèt mòn lan depi nan
konmansman. **13** Seyè! Se ou ki tout espwa pèp Izrayèl
la. Tout moun ki lage ou pral wont. Moun ki vire do ba ou
ap disparèt tankou non ki ekri sou sab, paske yo lage ou,
Seyè, ou menm ki sous dlo fre a. **14** Seyè, geri m' non,
m'a gaya! Delivre m' non, m'a sove! Se pou ou m'a fè
lwanj. **15** Moun yo ap di mwen: Kote sa Seyè a te di a?
Se pou l' rive vre! **16** Men, Seyè, mwen pa t' janm kole
dèyè ou pou ou te voye malè sou yo! Mwen pa t' janm
mande pou move tan tonbe sou yo! Seyè, ou konn sa! Se
devan ou mwen te di tou sa m' te di. **17** Tanpri, pa kite sa
vire mal pou mwen! Jou malè se ou ki tout pwoteksyon
m'! **18** Se moun k'ap chache touye m' yo ki pou wont.
Pa mwen. Se yo ki pou gen kè kase. Pa mwen. Fè malè
tonbe sou yo. Kraze yo an miyèt moso! **19** Men sa Seyè a
di ankò: -Al kanpe bò Pòtay Pèp la, kote wa Jida yo pase
pou antre soti nan lavil la. W'a bay mesaj sa a. Lèfini, al
kanpe bò tout lòt pòtay lavil yo, w'a di menm bagay la. **20**
W'a di yo: Nou menm, wa peyi Jida ak tout moun nan peyi
a, nou tout moun lavil Jerizalèm ki pase nan pòtay sa
yo, koute sa Seyè a di: **21** Li te di si nou renmen lavi
nou, pa pote ankenn chay jou repo a. Pa kite yo pote
chay antre nan pòtay lavil Jerizalèm yo. **22** Pa pote chay
soti lakay nou jou repo a. Piga nou fè ankenn travay jou
sa a. Se pou nou mete jou repo a apa pou Seyè a, jan
mwen te bay zansèt nou yo lòd la. **23** Men zansèt nou
yo pa t' koute m', yo pa okipe sa m' te di yo a. Yo fè tèt
di. Yo pa obeyi m'. Yo derefize fè sa m' te di yo fè. **24**
Men sa mwen menm, Seyè a, mwen di: Si nou menm nou
koute lòd mwen ban nou, si nou pa kite pesonn pote chay
antre nan pòtay lavil la jou repo a, si nou kenbe jou repo a
tankou yon jou nou mete apa pou mwen, si nou pa fè
ankenn travay jou sa a, **25** lè sa a, wa nou yo va antre
nan pòtay lavil Jerizalèm yo ansanm ak chèf nou yo. Y'a
chita sou fotèy wa David la. Yo menm ansanm ak tout pèp
Jida a ak moun lavil Jerizalèm yo, y'a moute cha lagè yo
ak chwal yo. Ap toujou plen moun nan lavil Jerizalèm. **26**
Moun va soti nan tout lavil peyi Jida yo, nan tout vwazinaj
lavil Jerizalèm lan, y'a soti nan peyi moun Benjamen yo,
nan zòn ki nan pye mòn yo, nan mòn yo ak nan sid peyi
Jida a, y'a pote bèt pou boule nèt pou Seyè a, bèt pou
yo touye sou lotèl li a, ofrann grenn jaden yo ak lansan,
ansanm ak ofrann pou di Bondye mèsi nan kay Seyè a.
27 Tansèlman, si nou pa koute m', si nou pa mete jou repo
a apa pou Bondye, si jou sa a nou pote chay, si nou kite
moun antre nan pòtay lavil Jerizalèm yo ak chay, m'ap
mete dife nan pòtay li yo. Dife a va boule tout gwo kay
lavil Jerizalèm yo. Pesonn p'ap ka touye dife sa a.

18 Seyè a pale ak Jeremi ankò, li di l' konsa: **2** -Leve
non! Desann kay bòs k'ap fè krich yo. Rive la, m'a
ba ou yon mesaj. **3** Mwen desann vre kay bòs k'ap fè
krich yo. Mwen wè msye t'ap bay yon krich fòm nan tou a.
4 Depi krich li t'ap fè a pa t' soti byen, li kraze l', li pran
tè a, li fè yon lòt krich avè l' jan li te vle fè l' la. **5** Lè sa
a, Seyè a di m' konsa: **6** -Nou menm pèp Izrayèl, èske
mwen pa gen dwa fè ak nou sa bòs la fè ak tè a? Nou
nan men mwen menm jan tè a nan men bòs k'ap fè krich
la, tande! **7** Yon lè mwen pran desizyon pou m' derasinen
yon nasyon osinon yon peyi ki gen wa, pou m' kraze l',
pou m' detwi l'. **8** Men, si nasyon an chanje, si li sispann
fè mechanste ki lakòz mwen te move a, m'ap chanje lide,
m' p'ap fè l' sa m' te fè lide fè l' la. **9** Yon lòt lè, mwen
pran desizyon pou m' leve yon nasyon osinon pou m' fè
gouvènman yon wa kanpe. **10** Men, si nasyon an fè sa ki
pa fè m' plezi, si li pa koute m', mwen p'ap fè tout byen
mwen te fè lide fè pou li a. **11** Bon! Koulye a, ou pral pale
ak moun peyi Jida yo ansanm ak moun lavil Jerizalèm yo.
Men sa Seyè a voye di yo: M'ap pare yon malè pou nou.
Mwen fè lide pini nou. Se pou nou chanje, se pou nou
kite move pant n'ap swiv la. Chache viv pi byen, manyè
sispann fè sa ki mal. **12** Y'ap reponn ou: Se tan ou w'ap
pèdi! N'ap toujou kenbe tèt ak Bondye. N'ap toujou fè tout
vye lide ki nan tèt nou. **13** Lè sa a, Seyè a di ankò: -Al
mande moun lòt nasyon yo si yo te janm tande yon bagay
konsa rive anvan sa? Moun pèp Izrayèl yo fè yon bann
bagay moun pa ka gade! **14** Eske ou janm wè pa gen
lanèj sou wòch nan tèt mòn peyi Liban yo? Eske ou janm

wè ti sous dlo fre k'ap desann soti nan mòn yo cheche?
15 Men, pèp mwen an bliye m'. Y'ap boule lansan pou
zidòl ki pa vo anyen. Kifè yo kite chemen pou yo te swiv
la, chemen yo t'ap swiv depi nan tan lontan an, yo pran
mache nan raje, kote ki pa gen chemen trase. 16 Yo fè
peyi a tounen yon savann dezole, tout moun se mete men
nan tèt! Tout moun k'ap pase bò la pral sezi wè sa. Yo
pral souke tèt yo. 17 Se konsa mwen pral gaye yo devan
lènmi yo, menm jan van lès gaye pousyè. M'ap vire do ba
yo lè malè va tonbe sou yo. M' p'ap okipe yo menm. 18
Lè sa a, pèp la va di: -Annou moute yon konplo sou do
Jeremi. N'a toujou jwenn prèt pou di nou sa Bondye vle.
Va toujou gen moun ki gen bon konprann pou ban nou
konsèy. Va toujou gen pwofèt pou fè nou konnen mesaj
Bondye yo. Annou wè! Ann touye l' anba kout lang. Nou
pa bezwen tande sa l'ap di nou la a. 19 Lè sa a, mwen
lapriyè, mwen di: -O Seyè! Tande sa m'ap di ou. Koute
sa moun ki pa vle wè m' yo ap di sou mwen. 20 Lè yon
moun fè ou byen, èske se mal pou ou fè li? Yo fouye yon
twou pou fè m' tonbe ladan l'. Chonje jan m' te kanpe
devan ou pou m' te pale pou yo, pou m' te mande ou pa
fè kòlè sou yo. 21 Koulye a, Seyè, se pou ou fè pitit yo
mouri grangou. Se pou ou kite yo mouri anba kout nepe.
Se pou madanm yo pèdi pitit yo ansanm ak mari yo. Se
pou maladi lapès touye mesye yo. Se pou jenn gason yo
mouri nan lagè. 22 Y'ap rete konsa, w'ap voye yon bann
piyajè sou yo. Lè sa a se va rèl nan tout kay yo. Tou sa,
paske yo te fouye yon twou pou fè m' tonbe ladan l'. Yo te
mete pèlen pou mwen sou wout mwen. 23 Men ou menm,
Seyè, ou konnen tout konplo y'ap fè pou touye m'. Pa
padonnen mechanste yo. Pa janm padonnen peche yo.
Se pou yo tonbe atè la devan je ou. Lè ou an kòlè, regle
yo.

19 Seyè a di m' konsa: -Leve al achte yon kannari.
Lèfini, pran kèk chèf fanmi ak kèk chèf prèt avè ou.
2 W'a soti lavil la, w'a pase nan pòtay Kannari Kraze, bò
Fon Benn Inon an. Lè w'a rive la, w'a pale byen fò pou di
yo mesaj m'a ba ou a. 3 Men sa w'a di yo: -Nou menm wa
peyi Jida yo, ansanm ak tout moun ki rete lavil Jerizalèm
yo, koute mesaj Seyè a. Men sa Seyè ki gen tout pouvwa
a, Bondye pèp Izrayèl la, di: Mwen pral mennen yon sèl
malè isit la. Lè moun va pran nouvèl la, yo p'ap vle kwè
zòrèy yo. 4 M'ap fè sa paske yo vire do ban mwen. Yo
pran peyi a pou fè bagay yo pa t' dwe fè, yo boule lansan
pou bondye moun lòt nasyon yo, bondye ni yo menm, ni
zansèt yo, ni wa peyi Jida yo pa t' janm konnen. Epi yo
touye yon pakèt ti inonsan. 5 Yo moute lòt lotèl pou Baal.
Yo pran pitit yo, yo touye yo, yo boule yo nèt nan dife pou
Baal, bagay mwen pa janm mande yo fè, bagay mwen pa
janm louvri bouch mwen di, bagay ki pa janm vin nan lide
m'. 6 Enben! Se konsa yon jou ap vini. Se mwen menm
Seyè a k'ap pale. Yo p'ap janm rele isit la Tofèt, ni Fon
Benn Inon. Y'a rele l' Fon Masak la. 7 Se isit la mwen pral
kraze tout plan moun peyi Jida ak moun lavil Jerizalèm yo
t'ap fè yo. M'ap fè lènmi yo touye yo nan lagè. M'ap fè yo
mouri anba men moun ki soti pou touye yo. Lèfini, m'ap
kite kadav yo sèvi manje pou zwazo nan syèl la ak bèt
nan bwa. 8 M'ap fè lavil Jerizalèm tounen dezè. Moun
va sezi wè sa. Tout moun k'ap pase bò la pral sezi, y'ap
mete men nan tèt lè y'a wè dega ki fèt ladan l'. 9 Lè lènmi
yo, moun ki soti pou touye yo, va sènen lavil la, sa va
ba yo yon sèl kè sere, sa va lage yo nan yon sèl mizè,
y'a manje pwòp pitit gason ak pwòp pitit fi yo. Yonn pral
manje lòt. 10 Lè sa a, Seyè a di m': -W'a kraze kannari
a devan je mesye ki t' al avè ou yo. 11 W'a di yo: Men
pawòl Seyè ki gen tout pouvwa a: Mwen pral kraze pèp
sa a ak tout lavil sa a. Yo pral tankou yon kannari kraze
ki pa ka ranje ankò. Yo pral antere moun ata nan Tofèt,
paske p'ap gen plas ankò lòt kote pou antere yo. 12 Se
sa mwen pwomèt pou m' fè lavil sa a ansanm ak tout
moun ki rete ladan l' yo. M'ap fè lavil la tounen tankou
Tofèt. 13 Wi, kay lavil Jerizalèm yo ansanm ak kay wa
peyi Jida yo ap tankou Tofèt. Yo p'ap ka sèvi pou moun
k'ap sèvi Bondye. Wi, tout kay sa yo se kote yo te moute
anwo sou teras pou boule lansan pou zetwal, pou ofri
diven bay lòt bondye. 14 Lèfini, Jeremi kite Tofèt kote
Seyè a te voye l' al bay mesaj li a, li al kanpe nan gwo
lakou Tanp lan. Li di pèp la konsa: 15 -Men pawòl Seyè ki
gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la: Mwen pral
voye sou lavil sa a ansanm ak tout ti bouk ki sou kont li
yo, tout chatiman mwen te di m'ap voye yo, paske yo fè
tèt di, yo pa vle koute sa m' di yo.

20 Pachou, pitit gason Imè a, te tande Jeremi t'ap di
tout bagay sa yo. Pachou te yon prèt ki te chèf
reskonsab Tanp Seyè a. 2 Li fè yo bat Jeremi, lèfini li
mete l' nan sèp ki te bò gwo Pòtay Benjamen an nan Tanp
Seyè a. 3 Nan denmen maten, Pachou fè yo wete Jeremi
nan sèp la. Lè sa a, Jeremi di l' konsa: -Seyè a chanje
non ou. Li pa rele ou Pachou ankò. Li menm li rele ou:
Malè toupatou. 4 Se Seyè a menm ki di sa: Mwen pral fè
ou tounen yon malè pou ou menm ak pou tout zanmi ou
yo. Ou pral wè yo mouri anba nepe lènmi yo. Mwen pral
lage tout moun peyi Jida yo nan men wa lavil Babilòn
lan. L'ap pran yon pati ladan yo, l'ap fè yo prizonye, l'ap
depòte yo lavil Babilòn, l'ap touye lòt yo. 5 M'ap fè lènmi
yo piye tout richès ki nan lavil la, tou sa moun yo travay
fè, tout bèl bagay koute chè yo sere, ata trezò wa Jida
yo. M'ap lage tou sa nan men lènmi yo. Yo pral piye yo,
y'ap pran tou sa yo genyen pote ale lavil Babilòn. 6 Ou
menm menm, Pachou, y'ap fè ou prizonye ansanm ak tout
moun lakay ou yo, y'ap depòte nou lavil Babilòn. Se la w'a
mouri, se la y'a antere ou ansanm ak tout zanmi ou yo ki
t'ap koute mesaj manti ou t'ap bay yo. 7 Seyè, ou pran tèt
mwen, wi, mwen kite ou pran tèt mwen. Ou pi fò pase m'.
Se ou ki genyen. Tout lajounen moun ap ri m'. Yo tout ap
pase m' nan rizib. 8 Chak fwa pou m' pale se rele pou m'
rele. M'ap di byen fò: Men y'ap kraze brize! Men y'ap piye!
Paske lè m'ap fè konnen mesaj ou, y'ap fè m' wont, y'ap
pase m' nan betiz. 9 Men, lè m' di: Mwen p'ap nonmen
non Seyè a, mwen p'ap pale nan non l' ankò, mesaj ou yo

te tankou yon dife nan zo m' k'ap boule tout anndan m'.
Mwen fè sa m' kapab pou enpoze l' soti. Malgre sa, li soti
soti l'. 10 Mwen tande tout moun ap di: -Any! Kote moun
pase yo pè! Annou denonse l' bay otorite yo. Ata pi bon
zanmi m' yo ap tann konsa mwen fè yon fo pa. Y'ap di:
Nou ka pran pawòl nan bouch li pou antrave l'. Lè sa a,
n'a met men sou li, n'a tire revanj nou. 11 Men, Seyè a
kanpe la avè mwen. Se yon vanyan gason li ye, li gen
pouvwa. Se poutèt sa se moun k'ap pèsekite m' yo ki
pral bite. Se yo ki pral anba. Yo pral wont anpil paske sa
p'ap mache pou yo. Se va yon wont pesonn p'ap janm
bliye. 12 Seyè ki gen tout pouvwa a sonde tout moun san
patipri. Li konnen sa ki nan kè yo ak sa ki nan tèt yo. Se
pou m' wè ou tire revanj ou sou yo, paske se nan men ou
menm mwen renmèt kòz mwen. 13 Chante pou Seyè a.
Fè lwanj li! Li rache pòv malere yo anba men mechan yo.
14 Madichon pou jou mwen te fèt la! Ankenn benediksyon
pou jou manman m' te fè m' lan! 15 Madichon pou moun
ki t' al fè papa m' konnen li gen yon pitit gason epi ki te fè
kè l' kontan lè sa a! 16 Se pou nonm sa a tankou moun
lavil Seyè a detwi pou tout tan an yo. Nan maten, se pou
l' tande rèl moun ki nan lapenn. Vè midi, l'a tande siyal
lagè, 17 Paske li pa t' touye m' anvan m' te fèt la, pou vant
manman m' te tou sèvi m' kavo: li ta rete ansent mwen
pou tout tan. 18 Poukisa m' te fèt atò? Pou m' te ka nan
lapenn, nan lafliksyon, pou m' te ka mouri nan lawont?

21 Wa Sedesyas te voye Pachou, pitit gason Malkija
a, ak Sefanya, pitit gason Mesaja a, prèt la, bò kote
Jeremi pou mande l' yon sèvis. 2 Yo di l': -Tanpri, pale ak
Seyè a pou nou, paske Nèbikadneza, wa Babilòn lan, ap
fè nou lagè. Ou pa janm konnen! Seyè a ka fè ankò pou
nou yonn nan mirak li yo pou fòse Nèbikadneza vire do l'
al fè wout li. 3 Lè sa a, Seyè a pale ak Jeremi. Lèfini,
Jeremi di mesye yo: -Men sa n' aval di wa Sedesyas pou
mwen: 4 Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, pale. Li di konsa:
Mwen pral pran tout zam ou genyen pou goumen kont wa
Nèbikadneza ak lame moun Kalde ki sènen nou yo, mwen
pral detounen yo, m'ap anpile yo nan mitan lavil la. 5 Se
mwen menm menm ki pral goumen ak nou avèk tout fòs
mwen, avèk tout kouraj mwen, avèk kòlè, avèk raj, avèk
yon gwo kòlè. 6 Mwen pral touye tout moun ki rete nan
lavil sa a. Mwen pral voye yon gwo maladi sou tout moun
ak sou tout bèt pou yo mouri. 7 Apre sa, -se mwen menm
Seyè a ki di sa-m'ap pran nou tout, ni Sedesyas, wa peyi
Jida a, ni chèf li yo, ni rès moun ki pa mouri nan lagè,
nan grangou ak anba maladi yo, m'ap lage nou nan men
Nèbikadneza, wa Babilòn lan, nan men lènmi ki soti pou
touye nou yo. Y'ap touye nou anba kout nepe. Yo p'ap
kite yonn nan nou chape. Yo p'ap gen pitye pou pesonn,
yo p'ap pran priyè. 8 Lèfini, w'a di pèp la men sa mwen
menm, Seyè a, mwen di: Mwen pral mande nou pou nou
chwazi ant lavi ak lanmò. 9 Tout moun ki va rete nan lavil
la pral mouri nan lagè, osinon anba grangou, ou ankò
maladi pral fini ak yo. Men, tout moun ki va soti al pote tèt
yo bay moun Kalde k'ap sènen nou yo p'ap mouri. Y'a
sove lavi yo nan batay la. 10 Wi, mwen pral fè kichòy pou
lavil sa a, men se va pou malè yo, pa pou byen yo. Se
mwen menm Seyè a k'ap pale. Mwen pral lage l' nan men
wa Babilòn lan. Li pral boule l' ratè. 11 Men sa w'a di
moun ki lakay wa peyi Jida a: -Koute pawòl Seyè a. 12
Nou menm ki soti nan branch fanmi wa David la, men
sa Seyè a voye di nou. Rann tout moun jistis chak jou.
Pwoteje moun y'ap peze yo, wete yo anba ponyèt moun
k'ap peze yo a. Si nou pa fè sa, mwen pral fè kòlè sou
nou. M'ap boule nou tankou dife moun pa ka touye, paske
nou fè anpil mechanste. 13 Nou menm moun Jerizalèm ki
chita nan fon an, tankou gwo wòch nan mitan yon plenn,
mwen menm Seyè a, mwen pral regle nou. N'ap plede di:
Pa gen moun ki ka atake nou, pa gen moun ki ka antre
kote n' kache a. 14 Men m'ap pini nou pou sa nou fè.
M'ap mete dife nan gwo bèl kay bwa nou yo. Dife a pral
boule tou sa ki bò kote yo. Se mwen menm Seyè a ki di
sa.

22 Seyè a pale ak Jeremi, li di l': -Desann ale kay wa
peyi Jida a, 2 pou ba l' mesaj sa a: Ou menm wa
peyi Jida, ki chita sou fotèy David la, nou menm chèf yo
ansanm ak tout pèp k'ap antre soti nan pòtay lavil la,
koute sa Seyè a di nou: 3 Mwen menm Seyè a, m'ap
mande nou pou nou fè sa ki dwat, pou nou rann jistis san
patipri. Se pou nou wete moun y'ap peze yo anba men
moun k'ap peze yo a. Pa malmennen moun lòt nasyon ki
lakay nou yo, timoun ki san papa yo ak vèv yo. Pa pwofite
sou yo. Pa touye moun inonsan isit la. 4 Si tout bon vre
nou fè jan m' mande nou fè la a, n'a toujou gen yonn nan
moun fanmi David yo pou wa. Li menm ansanm ak chèf li
yo ak tout pèp la va toujou antre soti nan pòtay palè a
sou cha ak sou chwal yo. 5 Men, si nou pa koute m',
m'ap fè nou sèman: palè sa a gen pou kraze. Se mwen
menm Seyè a ki di sa. 6 Men sa Seyè a di sou kay wa
peyi Jida a: -Pou mwen, palè a bèl tankou peyi Galarad,
tankou tèt mòn peyi Liban yo. Men, mwen p'ap pè fè l'
tounen yon dezè, yon lavil kote moun pa rete. 7 M'ap
chwazi moun ak rach pou m' voye detwi nou. Yo pral
koupe tout bèl bwa sèd nou yo, y'ap voye yo jete nan dife.
8 Apre sa, anpil moun lòt nasyon va pase bò lavil la. Yonn
va mande lòt: Poukisa Seyè a fè gwo lavil sa a sa? 9
Lèfini y'a reponn: Se paske yo pa t' kenbe kontra Seyè
Bondye yo a te siyen ak yo a. Y' al adore lòt bondye yo,
yo fè sèvis pou yo. 10 Nou menm moun Jida, nou pa
bezwen kriye pou wa Jozyas ki mouri a. Nou pa bezwen
pran lapenn pou li. Kriye pito pou Chaloum, sa yo depòte
a. Li menm, li p'ap janm tounen lakay li, li p'ap janm wè
peyi kote l' te fèt la ankò. 11 Paske men mesaj Seyè a
bay sou Chaloum, pitit Jozyas, ki te vin wa peyi Jida nan
plas papa l': Li pati kite isit la, li p'ap janm tounen. 12
Paske kote yo depòte l' la, se la li pral mouri. Li p'ap janm
wè peyi a ankò. 13 Madichon pou moun k'ap bati gwo
kay avèk lajan lenjistis, k'ap mete chanmòt sou kay yo ak
lajan yo fè nan move kondisyon. Y'ap fè jwif parèy yo
travay gratis pou yo, yo pa peye yo lajan yo. 14 Madichon

pou moun k'ap plede di: mwen pral bati yon gwo kay ak
chanm byen laj nan chanmòt yo. Yo mete fennèt nan kay
yo, yo palisade yo ak bwa sèd, yo pentire yo tou wouj. **15**
Eske w'ap yon pi bon wa paske ou bati kay ou ak bwa
sèd pou li pi bèl pase pa lòt moun? Papa ou te manje, li te
bwè tankou tout moun. Men, li te fè sa ki dwat, li pa t' fè
lenjistis. Tout zafè l' te mache byen. **16** Li te defann kòz
pòv malere yo. Tout bagay te mache byen pou li. Se sa ki
rele konnen Seyè a. **17** Men ou menm, yon sèl bagay ou
wè, yon sèl bagay ou konnen, se enterè pa ou ase. Se
konsa w'ap touye inonsan. W'ap maltrete pèp la, w'ap
maspinen l'. Se Seyè a menm ki di sa. **18** Se konsa, men
mesaj Seyè ki gen tout pouvwa a bay sou Jojakim, pitit
Jozyas, wa peyi Jida a: -Lè l'a mouri, p'ap gen pesonn
pou kenbe rèl la ak moun pa l' yo. P'ap gen pesonn pou
kriye pou mèt yo, wa yo. **19** Y'ap antere l' tankou chen.
Y'ap trennen kadav li, y'ap voye l' jete byen lwen lòt bò
pòtay lavil Jerizalèm. **20** Nou menm moun lavil Jerizalèm,
ale nan peyi Liban, rele byen fò! Ale nan peyi Bazan, rele!
Rete sou mòn Moab yo, rele! Paske yo kraze tout asosye
nou yo. **21** Mwen menm, Seyè a, mwen te pale nou lè
zafè nou t'ap mache byen. Men, nou te derefize koute m'.
Se sa n'ap fè depi tout tan. Nou pa janm vle koute sa
m'ap di nou. **22** Van pral bwote tout chèf nou yo ale. Y'ap
depòte tout moun lòt nasyon ki asosye nou yo. Lè sa a,
nou pral bese tèt nou, nou pral wont pou tout mechanste
nou te konn fè yo. **23** Nou menm ki rete nan gwo kay nou
bati ak sèd ki soti peyi Liban, ala plenn nou pral plenn lè
malè va tonbe sou nou! Nou pral plenn tankou fanm ki
gen tranche. **24** Men sa Seyè a voye di Jekonya, pitit
Jojakim, wa peyi Jida a: -Mwen fè sèman sou vi mwen,
menm si ou te bag letanp ki nan men dwat mwen an,
m'ap rache ou nan dwèt mwen. **25** M'ap lage ou nan men
moun ki soti pou touye ou yo, nan men moun ou pè yo.
M'ap lage ou nan men Nèbikadneza, wa Babilòn lan, nan
men moun Kalde yo. **26** Mwen pral voye ni ou menm, ni
manman ou ki fè ou la, nan peyi etranje. Nou pral nan yon
peyi kote nou pa t' fèt. Se la ni ou menm ni li menm pral
mouri. **27** N'ap anvi tounen vin wè peyi sa a. Men, nou
p'ap janm ka tounen. **28** Moun yo rele Jekonya a, èske
li tounen yon kannari kraze y'ap voye jete, yon kannari
pesonn pa bezwen? Poukisa yo depòte ni li ni pitit li yo
nan peyi yo pa t' janm konnen? **29** O latè, latè, latè! Koute
sa Seyè a di: **30** Nonm sa a kondannen pou l' pèdi tout
pitit li yo, pou l' pa janm wè zafè l' mache. P'ap janm gen
yonn nan pitit li yo ki pou rive chita sou fotèy wa David la,
ki pou rive chèf nan peyi Jida a ankò.

23 Madichon pou chèf sa yo ki tankou move gadò k'ap
touye, k'ap gaye bann mouton m' mete sou kont
yo a. Se Seyè a menm ki di sa. **2** Se poutèt sa, men
sa Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, di sou chèf li mete
reskonsab pèp li a: Nou gaye tout mouton m' yo. Nou lage
yo nan bwa, nou pa okipe yo. Mwen pral regle nou pou
tout mechanste nou yo. Se mwen menm, Seyè a, ki di
sa. **3** M'ap sanble sa ki rete nan pèp mwen an, m' pral
pran yo nan tout peyi kote mwen te gaye yo a, m'ap fè yo
tounen lakay yo. Y'a fè anpil pitit, y'a peple. **4** M'a mete
lòt chèf ki va okipe yo. Pèp mwen an p'ap pè anyen ankò,
yo p'ap viv ak kè sote ankò. Yonn ladan yo p'ap pèdi. Se
mwen menm Seyè a ki di sa. **5** Seyè a di ankò: -Yon jou
ap vini. Lè sa a, m'a chwazi yon moun ki dwat nan fanmi
David la pou wa. L'a gouvènen yo ak bon konprann. L'a
fè sa ki dwat, l'a mete jistis nan tout peyi a. **6** Sou rèy
wa sa a, pèp Jida a va sove, pèp Izrayèl la va viv ak kè
poze nan peyi l'. Y'a rele wa a: Seyè a, Delivrans nou. **7**
Seyè a di ankò: Se poutèt sa yon jou va rive lè moun pèp
Izrayèl yo p'ap di lè y'ap fè sèman: Se nan non Seyè ki
vivan an, li menm ki te fè nou soti kite peyi Lejip. **8** Lè sa
a y'a di: Se nan non Seyè ki vivan an, li menm ki te fè pitit
pitit moun pèp Izrayèl yo soti kite peyi nan nò a ak nan
tout lòt peyi kote li te gaye yo pou yo vin rete nan peyi ki
rele yo pa yo a. **9** Mesaj sou pwofèt yo: -Kè m' ap fann!
M'ap tranble nan tout kò m'. Mwen tankou yon moun ki
sou, yon moun ki bwè twòp. Se Seyè a ki lakòz sa avèk
pawòl li yo ki pawòl Bondye tout bon. **10** Peyi a plen moun
ki vire do bay Bondye. Madichon Bondye fè tout peyi a
nan lapenn. Jaden zèb yo fin cheche. Tout moun deyò
pou fè sa ki mal. Yo pran fòs kouraj yo pou fè sa ki pa
dwat. **11** Seyè a di ankò: -Pwofèt yo ansanm ak prèt yo,
se yon bann moun ki pa konn Bondye. Mwen bare yo
ap fè sa ki mal nan Tanp lan menm. **12** Enben, chemen
yo pran an pral tankou yon tè glise nan fènwa pou yo.
Yo pral pèdi wout yo, yo pral tonbe. Mwen pral voye yon
sèl malè sou yo lè lè a va rive pou m' pini yo. Se mwen
menm, Seyè a, ki di sa. **13** Mwen wè pwofèt lavil Samari
yo ap fè bagay ki pa fè m' plezi. Y'ap bay mesaj nan non
Baal. Yo fè pèp mwen an, pèp Izrayèl la, pèdi chemen
l'. **14** Men, sa m' wè pwofèt lavil Jerizalèm yo ap fè a
ban m' degoutans. Y'ap sèvi lòt bondye sou mwen. Y'ap
plede bay manti. Y'ap ede moun yo fè mechanste. Konsa,
pesonn pa sispann fè sa ki mal. Pou mwen, yo tankou
moun lavil Sodòm ak lavil Gomò yo. **15** Se poutèt sa, men
sa Seyè ki gen tout pouvwa a di sou pwofèt yo: -Mwen
pral ba yo zèb anmè pou yo manje. Mwen pral ba yo dlo
pwazonnen pou yo bwè, paske pwofèt Jerizalèm yo lakòz
tout moun nan peyi a lage kò yo nan fè sa ki mal. **16** Men
sa Seyè a di moun Jerizalèm yo: -Pa koute sa pwofèt sa
yo ap di nou lè y'ap ban nou mesaj. Se manti y'ap ban
nou pou yo ka pran tèt nou. Se sa ki vin nan tèt yo y'ap di
pèl la. Sa yo di a pa soti nan mwen. **17** Yo pale ak moun
ki derefize koute m' yo, y'ap di yo: Tout bagay ap mache
byen pou nou. Yo pale ak tout moun ki soti pou kenbe tèt
avè m', y'ap di yo: Anyen p'ap rive nou! **18** Mwen di: Pa
gen yonn ladan yo ki te la lè Seyè a t'ap fè plan travay li.
Yo yonn pa t' wè, yo yonn pa t' tande sa Seyè a te di.
Yo yonn pa t' louvri zòrèy yo pou yo te koute sa li t'ap
di. **19** Lè Bondye ankòlè se tankou yon van tanpèt, yon
siklòn k'ap tonbe sou tèt mechan yo. **20** Li p'ap sispann
toutotan li pa fin fè tou sa li soti pou li fè a. Nan jou k'ap
vini yo, pèp la va konprann sa pi byen. **21** Seyè a di ankò:

Se pa mwen ki voye pwofèt sa yo. Men, y'ap kouri ale
toupatou. Mwen pa menm pale ak yo. Men, y'ap mache
pale nan non mwen. 22 Si yo te la lè m' t'ap fè plan travay
mwen an, yo ta fè pèp la konnen mesaj mwen voye ba
yo a, yo ta fè pèp la kite vye chemen y'ap swiv la, yo ta
fè l' sispann fè sa ki mal. 23 Seyè a di: Mwen se yon
Bondye ki toupatou. Mwen pa rete yon sèl kote ase. 24
Pa gen kote yon moun ka al kache pou m' pa wè l'. Nou
pa konnen mwen toupatou nan syèl la ak sou latè a? Se
Seyè a menm ki di sa. 25 Mwen tande tou sa pwofèt yo di
lè yo pran non m' pou bay manti, lè yo pretann yo te fè
vizyon nan rèv. 26 Kilè y'a sispann, pwofèt sa yo k'ap bay
manti, k'ap bay mesaj ki pa vre, k'ap twonpe pèp la ak
pawòl manti ki nan bouch yo? 27 Yo konprann yo ka fè
pèp la bliye m' ak bann rèv y'ap plede rakonte yo, menm
jan zansèt yo te bliye m' pou y' al dèyè Baal? 28 Lè yon
pwofèt fè yon rèv, se pou l' di se yon rèv li fè. Men, pwofèt
ki resevwa mesaj mwen, li fèt pou l' bay mesaj la jan l' ye
a. Piga nou pran pay la pou grenn lan. Se Seyè a menm
ki di sa. 29 Mesaj mwen tankou dife, tankou mato k'ap
kraze wòch an miyèt moso. Se mwen menm menm, Seyè
a, ki di sa. 30 Se poutèt sa mwen pral regle ak pwofèt yo
k'ap pran pawòl yonn nan bouch lòt, pou fè l' pase pou
mesaj mwen. 31 Mwen pral regle ak pwofèt sa yo k'ap
bay pawòl pa yo pou mesaj y'ap bay nan non mwen. 32
Tande byen sa m'ap di: Mwen pral regle ak pwofèt sa yo
k'ap rakonte rèv ki plen manti. Lè konsa, yo fè pèp mwen
an pèdi tèt li ak manti y'ap ba li, ak bèl pawòl y'ap di pou
tèt pa yo. Se pa mwen ki te voye yo. Se pa mwen ki te ba
yo lòd ale. Yo pa ka fè anyen menm pou pèp la. Se mwen
menm Seyè a ki pale. 33 Seyè a di m': -Jeremi, lè yon
moun nan pèp la, osinon yon pwofèt, ou ankò yon prèt
mande ou ki chay Seyè a ban nou pote, w'a reponn yo:
Se nou menm ki yon chay pou Seyè a. Li pral lage nou
atè. Se Seyè a menm ki di sa. 34 Lè yon moun nan pèp
la, osinon yon pwofèt, ou ankò yon prèt va pale mal sou
chay Seyè a bay pote a, m'ap pini l' ansanm ak tout fanmi
li. 35 Okontrè, chak moun gen pou mande zanmi yo ak
fanmi yo kisa Seyè a reponn, kisa li di ki pral rive. 36
Konsa, piga nou pale sou chay Seyè a bay ankò paske
m'ap fè mesaj mwen an tounen yon chay tout bon pou
nou. Nou pran pawòl Bondye vivan an, pawòl Seyè ki gen
tout pouvwa a, pawòl Bondye nou an, nou vire l' lanvè. 37
Jeremi, mande pwofèt yo ki repons Seyè a bay? Kisa
Seyè a di ki pral rive? 38 Si yo reponn: Men chay Seyè a
bay, lè sa a w'a di yo, men sa Seyè a di: Paske nou di:
Men chay Seyè a bay, atout mwen te ban nou lòd pa di
sa, 39 m'ap pran nou leve anlè, m'ap voye nou jete byen
lwen mwen, ni nou, ni lavil mwen te bay pou nou ansanm
ak pou zansèt nou yo. 40 M'ap fè nou wont yon wont ki
p'ap janm fini, yon wont moun p'ap janm bliye.

24 Seyè a fè m' wè de panyen plen fig frans kòtakòt
devan gwo kay Seyè a. Lè sa a, Nèbikadneza, wa
peyi Babilòn lan, te gen tan depòte Jekonya, pitit Jojakim,
wa peyi Jida a, ansanm ak tout gwo chèf peyi Jida yo,
bòs atizan yo ak tout moun ki gen metye yo. Li te mennen
yo tout ale lavil Babilòn. 2 Premye panyen an te plen
bèl fig frans tankou premye fig ki mi nan sezon an. Lòt
panyen an te plen vye fig frans moun pa ka manje tank yo
pa bon. 3 Lèfini, Seyè a di m' konsa: -Jeremi, kisa ou wè
la a? Mwen reponn, mwen di l': -Fig frans. Bon fig yo bon
anpil. Vye fig yo pa bon menm. Moun pa ka manje yo tank
yo pa bon. 4 Lè sa a, Seyè a pale avè m' ankò, li di m'
konsa: 5 -Se mwen menm, Seyè a, Bondye pèp Izrayèl
la k'ap pale. Mwen considere moun peyi Jida yo depòte
yo, moun mwen voye nan peyi Babilòn yo, tankou yon
panyen bèl fig frans. Mwen pral aji byen ak yo. 6 M'ap
toujou voye je sou yo, m'ap mennen yo tounen nan peyi
sa a. M'ap fè yo grandi, mwen p'ap kraze yo. M'ap plante
yo, mwen p'ap derasinen yo ankò. 7 M'ap ba yo konprann
pou yo sa konnen se mwen menm ki Seyè a. Lè sa a, y'a
yon pèp pou mwen, mwen menm m'a Bondye yo, paske
y'ap tounen vin jwenn mwen ak tout kè yo. 8 Menm sa yo
fè ak vye fig ki pa bon yo, fig moun pa ka manje tèlman
yo pa bon yo, se sa mwen pral fè ak Sedesyas, wa peyi
Jida a, ansanm ak tout gwo chèf li yo, ak tout rès pèp lavil
Jerizalèm yo ki te rete nan peyi a osinon ki te desann peyi
Lejip. 9 Mwen pral mennen yon sèl malè sou yo. Tout lòt
nasyon ki sou latè a pral tranble lè y'a wè sa. Moun pral
pase yo nan betiz, yo pral rakonte istwa sou yo. Yo pral
mete yo nan chante. Y'ap pran non yo pou sèvi jouman,
pou bay madichon nan tout peyi kote mwen pral gaye yo.
10 Mwen pral voye lagè, grangou ak move maladi sou yo
jouk p'ap gen yonn k'ap rete nan peyi mwen te ba yo a,
peyi mwen te bay zansèt yo a.

25 Seyè a te bay Jeremi yon mesaj sou pèp peyi Jida
a, nan katriyèm lanne rèy wa Jojakim, pitit Jozyas,
nan peyi Jida. Lè sa a, Nèbikadneza te nan premye lanne
li depi li te wa peyi Babilòn. 2 Men mesaj pwofèt Jeremi te
bay tout pèp peyi Jida a ak tout moun lavil Jerizalèm yo:
3 -Depi trèzyèm lanne rèy wa Jozyas, pitit Amon, nan peyi
Jida rive jòdi a, sa fè venntwazan depi Seyè a ap pale
avè m', venntwazan depi m'ap pale ak nou san rete, nou
pa vle koute m'. 4 Seyè a pa janm sispann voye pwofèt li
yo, sèvitè l' yo, ban nou. Men nou pa vle koute yo, nou
derefize louvri zòrèy nou pou nou tande yo. 5 Yo te di
nou pou nou manyè kite vye chemen nou t'ap swiv yo,
pou nou manyè sispann fè sa ki mal. Konsa, nou ta ka
viv toujou nan peyi Seyè a te ban nou an, peyi li te bay
zansèt nou yo pou tout tan tout tan an. 6 Pwofèt yo di
nou: Pa kouri dèyè lòt bondye, pa fè sèvis pou yo, pa
mete ajenou devan yo. Pa sèvi zidòl nou fè ak men nou
pou Seyè a pa fache. Konsa, si nou obeyi Seyè a li p'ap
pini nou. 7 Men, se Seyè a menm ki di sa, nou derefize
koute l'. Nou fè l' fache ak zidòl nou fè ak men nou. Se
konsa nou rale malè sou tèt nou. 8 Se poutèt sa, men
sa Seyè ki gen tout pouvwa a di: Paske nou pa koute
m' lè m' pale nou, 9 mwen pral voye chache tout moun
ki bò nò yo ansanm ak sèvitè m' lan, Nèbikadneza, wa
Babilòn lan. Se mwen menm Seyè a ki di sa. Mwen pral

fè yo vin kraze peyi Jida a ak tout moun ki rete ladan l' yo
ansanm ak tout peyi nan vwazinaj yo. Mwen pral detwi
yo tout. M'ap fè yo tounen yon dezè ki va fè moun sezi,
yon pil mazi pou tout tan. 10 M'ap fè yo p'ap tande moun
ap pran plezi yo la. Yo p'ap tande vwa moun ki gen kè
kontan. Yo p'ap tande yo fè fèt pou moun k'ap marye.
M'ap fè p'ap gen grenn pou moulen, p'ap gen lwil pou
mete nan lanp. 11 Tout peyi a pral kraze tounen mazi, yon
dezè. Nasyon ki nan vwazinaj yo pral sèvi wa Babilòn lan
pandan swasanndizan. 12 Apre swasanndizan sa yo, m'a
pini wa Babilòn lan ansanm ak pèp li a pou peche yo fè.
Se mwen menm Seyè a ki di sa. M'ap detwi peyi moun
Kalde yo, m'ap fè l' tounen mazi pou tout tan. 13 M'ap
voye sou peyi Babilòn lan tout malè mwen te di m'ap voye
yo, tou sa pwofèt Jeremi te fè konnen nan non mwen sou
nasyon yo, jan sa ekri nan liv sa a. 14 Yo menm tou moun
Babilòn yo, anpil lòt nasyon ak gran wa va fè yo tounen
esklav. M'ap fè yo peye pou tou sa yo fè. 15 Men sa Seyè
a, Bondye pèp Izrayèl la, di m': -Men yon gode plen diven
kòlè Bondye nan men m'. Pran li, pote l' bay tout moun
nan peyi kote m'ap voye ou yo pou yo bwè. 16 Y'a bwè,
pye yo ap trese, y'a pèdi tèt yo lè y'a wè lagè m'ap voye
nan mitan yo. 17 Se konsa, mwen pran gode a nan men
Seyè a, mwen pote l' bay tout moun nan tout peyi kote
Seyè a te voye m' lan, mwen fè yo bwè ladan l'. 18 Mwen
fè moun lavil Jerizalèm ak moun lavil Jida yo bwè ladan l'
ansanm ak wa yo, chèf yo, pou lavil yo ka tounen mazi,
yon dezè pou moun mete men nan tèt lè yo wè sa, pou
moun sèvi ak non yo pou bay madichon, jan y'ap fè l'
jouk koulye a. 19 Men moun mwen fè bwè nan gode a
tou: Farawon an, wa peyi Lejip la, ansanm ak sòlda li yo,
chèf li yo ak tout pèp li a, 20 tout ras moun ki rete bò
solèy kouche yo ansanm ak tout wa peyi Ouz yo, tout wa
nan peyi Filisti yo: wa lavil Askalon, wa lavil Gaza, wa
lavil Ekwon, wa ki rete nan lavil Asdòd, 21 moun peyi
Edon, moun peyi Moab ak moun Amon yo, 22 tout wa
peyi Tir yo, wa peyi Sidon ak wa tout peyi ki lòt bò lanmè
Mediterane a, 23 moun lavil Dedan, moun lavil Teman ak
moun lavil Bouz, ansanm ak tout moun ki koupe cheve
nan tèt yo kout, 24 tout wa peyi Arabi yo, tout wa ki rete
nan dezè bò solèy kouche a, 25 tout wa Zimri yo, tout wa
Elam yo ak tout wa Medi yo, 26 tout wa ki sou bò nò yo,
sa ki lwen yo ak sa ki pre yo, yonn apre lòt. Tout nasyon
ki sou latè gen pou bwè ladan l'. Apre yo tout, se va tou
pa wa lavil Babilòn lan pou l' bwè ladan l' tou. 27 Apre sa,
Seyè a di m' konsa: W'a di yo men lòd Seyè ki gen tout
pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la bay. Se pou yo bwè pou
yo sou, jouk yo vonmi. Y'a tonbe, yo p'ap ka leve lè y'a
wè lagè m'ap voye sou yo a. 28 Si yo ta rive refize pran
gode a nan men ou pou yo pa bwè ladan l', w'a di yo:
Seyè ki gen tout pouvwa a di wè pa wè se pou yo bwè l'.
29 Premye kote m'ap konmanse fè malè, se va lavil yo
mete apa pou mwen an. Atò, se nou menm ki pou pa ta
resevwa pinisyon nou? Non, nou p'ap chape, paske mwen
pral voye lagè sou tout moun sou latè. Se mwen menm,
Seyè ki gen tout pouvwa a, ki di sa. 30 Ou menm, Jeremi,
se pou ou fè yo konnen tou sa mwen di ou. W'a di yo: -
Seyè a rete anwo nan syèl la, l'ap gwonde. Li rete nan
kay ki apa pou li a, l'ap pale byen fò. L'ap gwonde anwo
pèp li a. L'ap rele tankou moun k'ap kraze rezen. Li move
sou tout moun ki rete sou latè. 31 Bri a rive nan zòrèy
moun toupatou sou latè. Seyè a gen yon kont pou l' regle
ak nasyon yo. Li rele yo tout nan tribinal. L'ap fè touye
tout moun ki antò. Se Seyè a menm ki di sa. 32 Seyè ki
gen tout pouvwa a di: -Malè a pral tonbe sou nasyon yo
yonn apre lòt, yon gwo van tanpèt ap moute soti nan bout
latè. 33 Jou sa a, depi yon bout latè rive lòt bout la, se va
kadav moun Seyè a pral touye. P'ap gen pesonn pou
kriye pou yo, pesonn pou ranmase yo atè a, pesonn pou
antere yo. Kadav yo va tounen fimye atè a. 34 Nou menm
chèf ki reskonsab pèp la, rele anmwe, woule kò nou atè.
Lè a rive pou yo koupe tèt nou. Yo pral gaye nou. Nou
pral tonbe atè. Nou pral kraze tankou bèl potich ki koute
chè. 35 P'ap gen kote pou chèf yo al kache. P'ap gen
kote pou moun ki reskonsab pran swen pèp la ka ale pou
yo jwenn pwoteksyon. 36 Y'ap tande chèf yo ap rele, y'ap
tande yo ap rele anmwe, paske Seyè a pral ravaje peyi
yo. 37 Tout bèl peyi yo pral tounen mazi, paske Seyè a
move anpil. 38 Tankou yon lyon ki kouri kite twou li, tout
moun ap mete deyò. Peyi a pral tounen yon dezè apre
lagè san manman sa a, apre gwo kòlè Seyè a.

26 Lè sa a, Jojakim, pitit Jozyas la, te fèk moute wa
nan peyi Jida. Seyè a pale ak Jeremi ankò. 2 Men
sa Seyè a di l': -Ale kanpe nan lakou tanp lan. Ou pral di
tou sa mwen te ba ou lòd di sou moun ki soti nan tout
lavil peyi Jida yo pou vin adore nan Kay Seyè a. Pa wete
anyen. 3 Ou pa janm konnen, yo ka koute ou, yo ka pran
desizyon yonn apre lòt pou yo kite move jan y'ap viv la.
Mwen fè lide voye malè sou yo pou tou sa yo te fè ki mal.
Men, si yo koute ou, m'a chanje lide. 4 Konsa, w'a di yo:
Men mesaj Seyè a bay: Koute m', swiv lòd mwen mete
devan nou. 5 Louvri zòrèy nou tande mesaj pwofèt yo,
sèvitè m' yo. Se mwen menm ki pa janm sispann voye yo
ban nou, men nou pa vle koute yo. 6 Si nou pa koute yo,
m'ap kraze tanp sa a menm jan mwen te detwi kote yo te
mete apa pou mwen lavil Silo a. Nan tout lòt nasyon ki
sou latè, y'a pran non lavil sa a pou bay madichon. 7
Prèt yo, pwofèt yo ansanm ak tout moun ki te la yo tande
Jeremi ap bay mesaj sa a nan lakou Tanp lan. 8 Fini
Jeremi fin bay mesaj Seyè a te ba li lòd bay pèp la, prèt
yo, pwofèt yo ansanm ak tout moun ki te la yo mete men
sou li. Yo pran rele: -Se pou yo touye ou pou sa ou sot di
la a! 9 Poukisa ou pran non Seyè a pou ou di li pral kraze
tanp sa a menm jan li te detwi kote yo te mete apa pou
li lavil Silo a, li pral fè lavil la tounen mazi, san pesonn
ladan l'? Tout pèp la sanble bò kot Jeremi nan Tanp Seyè
a. 10 Lè chèf Jida yo vin konnen sa ki t'ap pase, yo kite
palè wa a, yo kouri al nan tanp lan, y' al chita nan plas yo
bò Pòtay Nèf la. 11 Prèt yo ak pwofèt yo pale ak chèf yo
ansanm ak pèp la, yo di: -Nonm sa a merite pou yo touye

l' paske li pale lavil Jerizalèm lan mal. Nou tout la a, nou
tande l' ak pwòp zòrèy nou. 12 Lè sa a, Jeremi pale ak
tout gwo chèf yo ansanm ak pèp la. Li di: -Se Seyè a ki
voye m' pou m' fè nou konnen tou sa nou sot tande m' di
la a sou Tanp lan ak sou lavil la. 13 Koulye a, se pou nou
chanje jan n'ap viv la, sispann fè sa ki mal. Koute sa Seyè
a, Bondye nou an, ap di nou. Lè sa a, l'a chanje lide, li
p'ap voye malè li te di l'ap voye sou nou an. 14 Mwen
menm, mwen nan men nou. Fè sa nou vle avè m', sa nou
kwè nou dwe fè a. 15 Tansèlman, si nou touye m', konnen
se lanmò yon inonsan n'ap gen ni sou konsyans nou, ni
sou konsyans moun ki rete nan lavil la. Paske, sa m'ap di
nou la a, se vre wi, se Seyè a menm ki voye m' pou m' fè
nou tande tout pawòl sa yo. 16 Lè sa a, gwo chèf yo ak
tout pèp la pale ak prèt yo ansanm ak pwofèt yo. Yo di yo:
-Pa gen anyen la a pou n' touye nonm sa a. Paske se nan
non Seyè a, Bondye nou an, li pale ak nou. 17 Apre sa,
kèk chèf fanmi kanpe epi yo di moun ki te sanble yo: 18 -
Sou rèy Ezekyas, wa peyi Jida a, pwofèt Miche, moun
lavil Morechèt la, te bay tout pèp peyi Jida a mesaj sa a:
Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di: N'ap lakòz peyi
Siyon an pral tankou yon jaden y'ap raboure. Jerizalèm ap
tounen yon mazi. Gwo rakbwa pral kouvri tout mòn kote
tanp lan ye a. 19 Lè sa a, èske wa Ezekyas ak pèp peyi
Jida a te fè touye pwofèt Miche? Non, yo fè wè jan yo
te gen krentif Seyè a, yo mande l' pou l' gen pitye pou
yo. Se konsa Seyè a chanje lide, li pa voye malè li te di
l'ap voye sou yo a. Koulye a, nou soti pou nou rale yon
gwo malè sou nou si nou fè nonm sa a anyen. 20 Te gen
yon lòt nonm yo te rele Ouri ki t'ap pale nan non Bondye.
Se te pitit Chemaya, moun lavil Kiriyat Jearim. Li menm
tou, tankou Jeremi, li t'ap pale nan non Bondye sou lavil
Jerizalèm ak sou peyi Jida. 21 Lè wa Jojakim, gad li yo
ansanm ak tout chèf li yo tande sa li t'ap di, wa a t'ap
chache yon jan pou touye li. Ouri vin konn sa, li pè, li
kouri al kache nan peyi Lejip. 22 Se konsa, wa Jojakim
voye Elnatan, pitit Akbò, ansanm ak kèk lòt gason nan
peyi Lejip al chache msye. 23 Yo pran Ouri nan peyi Lejip,
yo mennen l' bay wa a. Wa a fè yo touye l'. Lèfini, yo jete
kadav li nan gwo fòs endijan yo. 24 Men, Akikam, pitit
Chafan an, t'ap pwoteje Jeremi. Se konsa li pa t' kite yo
lage Jeremi nan men pèp la pou yo te touye l'.

27 Sedesyas, pitit Jozyas la, te gen katran depi li fèk
moute wa nan peyi Jida, lè Seyè a pale ak Jeremi
ankò. 2 Seyè a di l' konsa: -Pran kòd ak bwa yo sèvi pou
fè jouk bèf. Mete yo sou zepòl ou. 3 Lèfini, w'a voye yo
bay wa peyi Edon, wa peyi Moab, wa peyi Amon, wa peyi
Tir ak wa peyi Sidon. W'a renmèt yo nan men delege wa
sa yo ki te vin wè wa Sedesyas lavil Jerizalèm. 4 W'a ba
yo chak yon misyon pou mèt yo. W'a di yo men mesaj
Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la, ba yo
pou mèt yo: 5 -Se mwen menm avèk gwo kouraj mwen
epi ak fòs ponyèt mwen ki fè latè ansanm ak tout moun
ak tout bèt k'ap viv sou latè. Mwen pran yo bay moun
mwen vle. 6 Se konsa, mwen lage tout peyi nou yo nan
men Nèbikadneza, wa Babilòn, sèvitè m' lan. Mwen ba
li ata bèt nan bwa yo pou yo soumèt devan l'. 7 Tout
nasyon yo va sèvi l'. Y'a sèvi pitit li ak pitit pitit li jouk lè
a va rive pou lòt nasyon ki pi fò pase l' yo, lòt wa ki pi
gran pase l' yo va fè peyi pa l' la sèvi yo tou. 8 Men si
yon nasyon osinon yon wa ak tout pèp li derefize soumèt
devan Nèbikadneza, wa Babilòn lan, si yonn ladan yo
refize bese tèt devan otorite li pou obeyi l', m'ap voye
lagè, grangou, move maladi sou nasyon sa a pou pini l'
jouk m'a fè Nèbikadneza fini nèt ak li. 9 Pa koute pwofèt
nou yo, ni divinò nou yo, ni ankenn lòt moun ki pretann
yo konnen sa ki pral rive nou, paske yo fè rèv pou nou,
osinon paske yo ka li sa k'ap pase nan syèl la ou ankò
paske yo konn fè maji. Yo tout ap plede di nou p'ap janm
sèvi wa Babilòn lan. 10 Se manti y'ap ban nou. Si nou
koute yo, y'ap depòte nou byen lwen peyi nou an. Se
mwen menm k'ap mete nou deyò. Lèfini, nou tout pral
mouri. 11 Men, si yon nasyon asepte bese tèt li devan
otorite wa Babilòn lan pou sèvi l', m'a kite l' nan peyi l', l'a
travay latè, l'a rete lakay li. Se mwen menm Seyè a ki di
sa. 12 Mwen pale ak Sedesyas, wa Jida a, mwen di l'
menm bagay la tou: -Ou menm ansanm ak pèp la, se
pou nou bese tèt devan otorite wa Babilòn lan. Se pou
nou sèvi ni li ni pèp li a, konsa n'a viv. 13 Pa gen rezon
pou nou mouri, ou menm ak tout pèp ou a, nan lagè, nan
grangou, anba move maladi. Paske se sa Seyè a te di ki
gen pou rive tout nasyon ki va derefize soumèt devan wa
Babilòn lan. 14 Gen yon bann pwofèt k'ap plede di nou
p'ap janm sèvi wa Babilòn lan. Pa koute yo. Se manti y'ap
bay. 15 Se Seyè a menm ki di se pa li menm ki voye
yo. Yo pran non l' pou ban nou manti. Si nou koute yo,
m'ap mete nou deyò, m'ap fè nou mouri, ni nou ni pwofèt
k'ap ban nou manti yo. 16 Apre sa, mwen pale ak prèt
yo ansanm ak pèp la, mwen di yo: -Men mesaj Seyè a
bay. Pa koute pwofèt yo k'ap plede di nou yo pral pote
tounen soti lavil Babilòn tout bagay yo te pran nan tanp
lan. Se manti y'ap bay. 17 Pa koute yo. Soumèt devan wa
Babilòn lan, konsa n'a viv. Pa gen rezon pou nou fè lavil
Jerizalèm lan tounen mazi. 18 Si yo se pwofèt tout bon,
si yo resevwa yon mesaj nan men Seyè a tout bon vre,
enben, se pou y' al mande Seyè ki gen tout pouvwa a pou
li pa kite yo pran rès bon bagay ki nan Tanp lan, ak rès
bon bagay ki lakay wa peyi Jida a ak nan lavil Jerizalèm
lan pou pote yo ale lavil Babilòn. 19 Seyè a t'ap pale sou
gwo poto kwiv yo, sou gwo basen lan ansanm ak pye
l' yo, sou tout lòt richès ki te nan lavil la toujou. 20 Se
bagay sa yo Nèbikadneza, wa Babilòn lan, te kite lavil
Jerizalèm lè li t'ap depòte Jekonya, pitit Jojakim, wa peyi
Jida a, lavil Babilòn, ansanm ak grannèg peyi Jida yo ak
grannèg lavil Jerizalèm yo. 21 Wi, men sa Seyè ki gen
tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la, te di sou rès bon
bagay ki te nan kay Seyè a, nan kay wa Jida a ak nan
lavil Jerizalèm: 22 Y'ap pote yo ale lavil Babilòn. Y'ap rete
la jouk lè m'a vin pran yo pou m' fè yo tounen nan plas yo.
Se mwen menm Seyè a ki di sa.

28 Nan menm lanne a, nan katriyèm lanne rèy
Sedesyas, wa peyi Jida a, nan senkyèm mwa a,
pwofèt Ananya, pitit Azou, moun lavil Gabawon, vin pale
avè m' nan tanp Seyè a. Devan tout prèt yo ansanm ak
pèp la, li di mwen: **2** -Men mesaj Seyè ki gen tout pouvwa
a, Bondye pèp Izrayèl la, bay: Mwen kraze pouvwa wa
Babilòn lan. **3** Nan dezan, jou pou jou, m'ap pote tout
bagay ki te nan tanp Seyè a tounen nan plas yo. Wi, tou
sa wa Nèbikadneza te pran nan tanp lan pou l' te pote ale
lavil Babilòn, m'ap fè yo tounen nan plas yo. **4** M'ap fè
Jekonya, pitit Jojakim, wa peyi Jida a, ansanm ak tout
moun peyi Jida yo te depòte lavil Babilòn yo tounen isit.
Se mwen menm Seyè a ki di sa. Wi, mwen pral kraze
pouvwa wa Babilòn ki t'ap peze nou an. **5** Lè sa a, devan
tout prèt yo ansanm ak foul moun ki te nan kay Seyè a,
pwofèt Jeremi reponn pwofèt Ananya. **6** Li di konsa: -
Dakò! Se pou Seyè a fè sa vre! Se pou li fè sa ou di a rive
vre, pou l' fè tout bagay ki te nan Tanp Seyè a ansanm
ak moun yo te depòte yo tounen soti lavil Babilòn. **7**
Tansèlman, koute byen sa m'ap di ou, ou menm ansanm
ak pèp la: **8** Pwofèt ki te vini anvan m' yo ak anvan ou tou
te fè konnen lagè, grangou ak move maladi pral tonbe
sou anpil gwo peyi, sou anpil gran wa ak tout pèp yo. **9**
Men, lè yon pwofèt di tout bagay pral mache byen, se lè
sa li di ki gen pou rive a rive vre y'a rekonèt se Seyè a
ki te voye l'. **10** Lè sa a, pwofèt Ananya pran jouk bèf
ki te sou zepòl Jeremi an, li kraze l' an miyèt moso. **11**
Apre sa, li pran pale ankò devan tout pèp la. Li di konsa: -
Men mesaj Seyè a: Nan dezan, jou pou jou, se konsa
mwen pral kraze pouvwa Nèbikadneza, wa Babilòn lan.
Mwen pral kraze jouk bèf li te mete sou zepòl tout nasyon
yo. Apre sa, pwofèt Jeremi al fè wout li. **12** Kèk tan apre
pwofèt Ananya te kraze jouk bèf ki te sou zepòl pwofèt
Jeremi an, Seyè a pale ak Jeremi, li di l' konsa: **13** -Ale
pale ak Ananya. W'a di l' men sa Seyè a voye di ou: Ou
te kraze yon jouk bèf fèt an bwa. Ou pral ranplase l' ak
yon jouk bèf fèt an fè. **14** Paske men sa Seyè ki gen tout
pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la di: M'ap mete yon jouk
fè sou zepòl tout nasyon sa yo pou yo sèvi Nèbikadneza,
wa Babilòn lan. Ata bèt nan bwa va soumèt devan l'. **15**
Apre sa, pwofèt Jeremi di pwofèt Ananya konsa: -Koute
byen, Ananya! Se pa Seyè a ki te voye ou di sa, tande.
Ou twonpe konfyans pèp la. **16** Se sa ki fè men sa Seyè
a di: Li pral disparèt ou sou latè. Anvan lanne an bout,
w'ap mouri, paske ou pouse pèp la pou l' te kenbe tèt
ak Seyè a! **17** Menm lanne an vre, nan setyèm mwa a,
pwofèt Ananya mouri.

29 Pwofèt Jeremi rete lavil Jerizalèm li voye yon lèt
bay tout moun Nèbikadneza te depòte soti lavil
Jerizalèm ale lavil Babilòn, ki vle di bay chèf fanmi, prèt,
pwofèt ak tout rès pèp lavil Jerizalèm wa a te fè depòte. **2**
Se te apre yo te fin pran wa Jekonya, manman li, gwo
zotobre nan palè a, chèf peyi Jida ak chèf lavil Jerizalèm
yo, atizan yo, bòs fòjon yo pou depòte yo. **3** Jeremi
renmèt lèt la nan men de moun Sedesyas, wa peyi Jida a,
t'ap voye bò kote Nèbikadneza, wa Babilòn lan. Se te
Elasa, pitit Chafan ak Gemarya, pitit Ilkija. Jeremi voye di
yo nan lèt la: **4** -Men mesaj Seyè ki gen tout pouvwa
a, Bondye pèp Izrayèl la, voye pou tout moun li te fè yo
pran lavil Jerizalèm pou depòte jouk lavil Babilòn. **5** Nou
mèt bati kay pou nou rete, nou mèt plante jaden pou nou
manje. **6** Marye, fè pitit. Marye pitit gason nou yo, marye
pitit fi nou yo pou yo ka fè pitit. Kote nou ye laba a, peple.
Pa kite nou fin mouri. **7** Travay pou fè peyi kote Seyè
a fè yo depòte nou an wè zafè l' mache byen. Lapriyè
Seyè a pou yo. Paske, si sa bon pou yo la bon pou nou
tou. **8** Wi, men avètisman Seyè ki gen tout pouvwa a,
Bondye pèp Izrayèl la, voye ban nou: Pa kite pwofèt ki
nan mitan nou yo ak divinò yo ban nou manti! Pa koute
moun k'ap rakonte rèv yo fè. **9** Se pou yo ka twonpe nou
pi byen kifè yo pran non m' mete devan. Se pa mwen ki
voye yo. Se mwen menm Seyè a ki di sa. **10** Seyè a di
ankò: Lè lavil Babilòn lan va rive sou swasanndizan depi li
kanpe a, m'a vin vizite nou, m'a fè kichòy pou nou. M'a
kenbe bèl pwomès mwen te fè nou an, m'a fè nou tounen
lakay nou ankò. **11** Se mwen ki konnen sa m' gen nan
tèt mwen pou nou. Se mwen menm Seyè a k'ap pale.
Se byen nou mwen ta vle wè, pa malè nou. Mwen ta vle
denmen nou jwenn sa n'ap tann lan. **12** Lè sa a, n'a rele
m', n'a vin lapriyè nan pye m', m'a reponn nou. **13** N'a
chache m', n'a jwenn mwen paske n'a chache m' ak tout
kè nou. **14** Wi, m'a kite nou jwenn mwen. Se mwen menm
ki di sa. M'a fè peyi nou an kanpe ankò. M'ap pase men
m' ranmase nou nan tout peyi toupatou kote m' te gaye
nou yo. M'ap mennen nou tounen kote m' te pran nou pou
m' te depòte nou an. Se mwen menm Seyè a ki di sa.
15 Seyè a voye di nou sa paske nou pretann di li voye
pwofèt ban nou lavil Babilòn. **16** Enben, men sa Seyè a
di sou wa ki chita sou fotèy wa David la, sou pèp lavil
Jerizalèm la, ki vle di rès fanmi yo pa t' depòte ansanm ak
nou yo. **17** Wi. Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di:
Mwen pral voye lagè, grangou ak move maladi sou yo.
M'ap fè yo tounen tankou vye fig pouri moun pa ka manje.
18 M'ap rete la dèyè yo ak lagè, grangou, move maladi.
Tout nasyon sou latè pral sezi lè y'a wè sa ki rive yo. Nan
tout peyi kote mwen pral gaye yo, moun pral fè sezisman,
y'ap mete men nan tèt lè y'a wè yo. Y'a pran non yo pou
sèvi jouman, pou bay moun madichon. **19** Tou sa va rive
yo paske yo pa t' vle koute sa m' t'ap di yo. Se Seyè a
menm ki di sa. Malgre mwen pa t' sispann voye pwofèt
yo, sèvitè m' yo, ba yo, yo pa janm vle koute. **20** Men,
nou menm Seyè a te pran lavil Jerizalèm pou l' depòte
lavil Babilòn, manyè koute sa Seyè a ap di nou! **21** Men
mesaj Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl
la, bay sou Akab, pitit Kolaja, ansanm ak Sedesyas, pitit
Maseja, ki t'ap pran non Seyè a pou bay manti. Mwen pral
lage yo nan men Nèbikadneza, wa Babilòn lan, ki pral fè
touye yo la devan nou tout. **22** Apre sa, lè moun peyi
Jida yo te depòte lavil Babilòn yo va bezwen bay moun
madichon y'a sèvi ak non mesye sa yo. Y'a di: Se pou

Seyè a fè ou sa l' te fè Sedesyas ansanm ak Akab wa
Babilòn lan te fè boule tou vivan. 23 Se sa k'ap rive yo,
paske yo te yon gwo wont pou pèp Izrayèl la. Yo fè adiltè
ak madanm jwif parèy yo, lèfini y'ap pran non mwen pou
bay manti, pou bay mesaj mwen pa t' mete nan bouch yo.
Mwen konnen sa yo fè, mwen te wè yo ak je m'. Se Seyè
a menm ki di sa. 24 Seyè a te bay pwofèt Jeremi yon
mesaj pou Chemaja, moun Nekelam, 25 paske Chemaja
te pran reskonsablite voye yon lèt bay yon prèt yo te rele
Sefanya, pitit Maseja, pou tout lòt prèt yo ansanm ak tout
moun lavil Jerizalèm yo. Chemaja te voye di yo: 26 -
Seyè a te fè ou prèt nan plas Jeojada pou veye sa k'ap
pase nan tanp lan. Se devwa ou pou ou pran tout moun
fou k'ap pran pòz pwofèt yo pou mete yo nan chenn ak
yon kolye fè nan kou yo. 27 Poukisa ou pa fè anyen ak
Jeremi, nonm Anatòt la, k'ap pran pòz pwofèt li nan mitan
pèp la? 28 Men koulye a li ekri nou isit lavil Babilòn, li
voye di nou n'ap rete lontan nan sitiyasyon sa a. Nou mèt
bati kay pou nou rete, nou mèt plante jaden pou nou ka
manje. 29 Sefanya, prèt la, te li lèt la bay pwofèt Jeremi.
30 Lè sa a, Seyè a bay Jeremi lòd sa a: 31 -Voye mesaj
sa a bay tout moun yo depòte lavil Babilòn yo. Men sa
Seyè a di sou Chemaja, moun Nekelam. Chemaja pran
pòz pwofèt li, men se pa mwen ki voye l'. Li fè nou bwè
yon bann manti. 32 Se poutèt sa, mwen menm Seyè a,
mwen pral pini Chemaya ansanm ak tout kòt fanmi li.
Mwen p'ap kite yon moun nan fanmi li vivan nan mitan
nou pou wè bèl bagay mwen pral fè pou pèp mwen an,
paske li te moute tèt pèp la kont Bondye, Seyè a.

30 Men mesaj Seyè a te bay pwofèt Jeremi: 2 -Se
mwen menm Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, k'ap
pale avè ou. Ekri nan yon liv tou sa mwen te di ou. 3
Paske, talè konsa mwen pral fè pèp mwen an, moun
Izrayèl yo ansanm ak moun Jida yo kanpe ankò. M'ap
mennen yo tounen nan peyi mwen te bay zansèt yo, y'a
reprann peyi a pou yo ankò. 4 Men mesaj Seyè a voye
bay moun Izrayèl yo ansanm ak moun Jida yo. 5 Mwen
tande moun ap rele anmwe. Tout moun tèt anba, yo pa
konn sa pou yo fè. 6 Mande sa ki genyen! Al gade non!
Eske gason konn pouse pitit? Poukisa mwen wè tout
gason men anba tivant tankou fanm ki gen tranche? Y'ap
dekonpoze, figi yo rale. 7 Ala malè, mezanmi! Se yon
gwo jou malè k'ap vini. Pa gen jou ki ka parèt devan li.
Se va yon tan lafliksyon pou fanmi Jakòb la! Men, y'a
chape anba l'. 8 Seyè ki gen tout pouvwa a di ankò: Lè
jou sa a va vini, m'a kraze jouk bèf ki dèyè kou yo a, m'a
kase chenn ki nan ren yo a. Yo p'ap janm esklav moun
lòt nasyon ankò. 9 Se mwen menm, Seyè a, Bondye yo
a, y'a sèvi ansanm ak yon pitit David m'a mete wa sou
yo. 10 Nou pa bezwen pè, nou menm pitit Jakòb, sèvitè
mwen an. Nou pa bezwen tranble, nou menm moun pèp
Izrayèl. M'ap vin delivre nou nan peyi lwen sa yo. M'ap vin
sove pitit nou yo nan peyi kote yo te depòte nou an. N'ap
tounen lakay nou pou nou viv ak kè poze, san pesonn pa
chache nou kont ankò. 11 M'ap vin jwenn nou, m'ap sove
nou. Se Seyè a menm ki di sa. M'ap disparèt tout nasyon
kote mwen te gaye nou yo. Nou menm, mwen p'ap detwi
nou. Men, pou pini se pou m' pini nou, jan sa dwe fèt.
Mwen p'ap kite anyen pou nou. 12 Men sa Seyè a di pèp
li a ankò: Pou jan ou donmaje a, pa gen renmèd pou ou.
Malenng ou an p'ap janm geri. 13 Pa gen pesonn pou
defann kòz ou. Se vre, yo konn geri malenng. Men, pou
malenng pa ou la, pa gen renmèd. 14 Tout moun ki t'ap fè
lamou avè ou yo bliye ou. Yo yonn pa okipe ou ankò.
Mwen frape ou, tankou si m' te lènmi ou. Pinisyon an te
rèd pou ou, paske peche ou la te grav anpil. Ou te fè anpil
gwo mechanste. 15 Poukisa w'ap plenyen pou jan ou
donmaje a, pou soufrans ou ki pa ka fini an? Se paske
peche ou la te grav anpil, ou te fè anpil gwo mechanste
kifè mwen pini ou konsa. 16 Men, yon lè yo gen pou yo
devore moun k'ap devore ou koulye a. Y'ap fè tout moun
ki pa vle wè ou yo prizonye, y'ap depòte yo. Y'ap piye
moun k'ap piye ou yo. Y'ap fini ak moun k'ap fini avè ou
yo. 17 Nou menm moun Siyon, yo te rele nou: moun
yo mete deyò. Yo t'ap di: pa gen moun pou okipe nou.
Men, se mwen menm k'ap ban nou renmèd, k'ap geri tout
malenng nou yo. Se Seyè a menm ki di sa. 18 Seyè a di
ankò: -Mwen pral fè moun fanmi Jakòb yo te depòte yo
tounen lakay yo. Mwen pral gen pitye pou chak fanmi.
Yo pral rebati lavil yo sou anplasman vye mazi yo. Yo
pral rebati gwo bèl kay yo kote yo te ye anvan an. 19 Y'a
tande moun ap chante lakay yo, y'a tande moun ap rele
tèlman yo kontan. M'ap fè yo peple, yo p'ap fin disparèt.
M'ap fè moun fè lwanj yo. Moun p'ap meprize yo ankò. 20
Pitit gason yo va tankou nan tan lontan. M'ap fè peyi a
kanpe byen fèm ankò devan mwen. M'a pini tout moun
k'ap peze yo. 21 Se yonn nan nou ki va chèf nan peyi a.
Wi, se nan mitan nou yon chèf va soti pou gouvènen nou.
L'a vin jwenn mwen lè m'a rele l'. Paske pesonn p'ap pran
chans vin jwenn mwen si mwen pa rele l'. Se Seyè a ki di
sa. 22 Lè sa a, se pèp mwen y'a ye ankò, mwen menm
m'a Bondye yo. 23 Lè Bondye ankòlè se tankou yon van
tanpèt, yon siklòn k'ap tonbe sou tèt mechan yo. 24 Li
p'ap sispann toutotan li pa fin fè tou sa li soti pou li fè a.
Nan jou k'ap vini yo, pèp la va konprann sa pi byen.

31 Seyè a di ankò: -Lè sa a, m'ap Bondye tout branch
fanmi pèp Izrayèl la. Yo tout y'ap vin pèp pa mwen.
2 Nan dezè a mwen te aji ak bon kè ak moun ki te chape
anba lanmò nan lagè. Moun Izrayèl yo pral resi viv ak
kè poze. 3 Byen lwen, Seyè a te fè m' wè li. Li t'ap di:
Nou menm moun pèp Izrayèl, mwen p'ap janm sispann
renmen nou. Se poutèt sa m'ap toujou aji byen ak nou. 4
Bèl pèp Izrayèl mwen sa a, m'ap rebati peyi nou an. Peyi
nou an va kanpe ankò. Nou pral dekwoke tanbouren nou
yo ankò. Nou pral danse ak kè kontan. 5 Nou pral plante
rezen sou tout mòn Samari yo. Moun ki va plante se yo ki
va rekòlte. 6 Wi, lè sa a moun k'ap veye yo va rete sou
mòn Efrayim yo, y'a rele byen fò: Annou wè! Ann moute
mòn Siyon, bò kot Seyè a, Bondye nou an. 7 Seyè a di

ankò: -Chante ak kè kontan pou pèp Izrayèl la! Pi gwo
nasyon pase l' nanpwen. Fè yo tande jan n'ap chante pou
Bondye. Seyè a delivre pèp li a. Li delivre sa ki te rete
nan pèp Izrayèl la. **8** Wi, se mwen menm, Seyè a, k'ap
mennen yo sot nan nò. M'ap ranmase yo nan dènye bout
latè. Sa ki avèg, sa k'ap bwete, fanm ki ansent, fanm ki
gen tranche, yo tout ap vin ansanm. Se yon foul moun
k'ap tounen. **9** Sou tout wout la y'ap lapriyè, y'ap kriye de
ran dlo, antan m'ap mennen yo tounen. M'ap fè yo pran
yon wout plat kote yo p'ap bite, jouk yo rive bò sous dlo
yo. Mwen tankou yon papa pou pèp Izrayèl la. Efrayim se
premye pitit gason m'. **10** Seyè a di ankò: -Nou menm
lòt nasyon yo, koute sa m'ap di: Mache fè konnen l' nan
tout zile ki byen lwen yo. Di yo: Seyè a te gaye tout pèp
Izrayèl la. Se li menm ki pral sanble yo ankò. Mwen pral
okipe yo, tankou gadò k'ap okipe mouton l'. **11** Mwen
libere moun fanmi Jakòb yo. Mwen delivre yo anba men
yon nasyon ki te pi fò pase yo. **12** Y'ap vini sou mòn
Siyon an, y'ap chante tèlman y'ap kontan. Y'a kontan
anpil pou tou sa Seyè a pral ba yo. L'ap ba yo ble, diven,
lwil fre, mouton, kabrit, bèf. Y'ap tankou yon jaden byen
wouze. Y'ap gen tou sa yo bezwen. **13** Jennfi yo va danse
tèlman y'a kontan. Jennjan ansanm ak granmoun gason
yo va kontan tou. M'ap wete lapenn nan kè yo, m'ap fè yo
kontan. M'ap fè yo pran kouraj. Nan mitan chagren yo,
m'ap fè yo kontan. **14** M'ap fè prèt yo manje vyann gra
kont kò yo. Pèp mwen an va jwenn tou sa yo bezwen nan
tout bon bagay m'a ba yo. Se mwen menm Seyè a ki di
sa. **15** Men sa Seyè a di ankò: -Yo tande yon sèl rèl nan
Rama. Yo tande kriye ak gwo anmwe. Se Rachèl k'ap
kriye pou pitit li yo. Li pa vle kite pesonn konsole l' paske
pitit li yo mouri. **16** Men sa Seyè a di ankò: -Sispann rèl
ou yo, Rachèl. Siye dlo nan je ou. Sa ou te fè pou pitit ou
yo p'ap pèdi. Y'ap tounen soti nan peyi lènmi yo. **17** Gen
bèl espwa pou ou denmen. Pitit ou yo pral tounen nan
peyi yo. Se mwen menm Seyè a ki di sa. **18** Mwen tande
moun Izrayèl yo ap plenn. Y'ap di konsa: -Seyè, nou te
tankou yon ti towo mawon. Men, ou donte nou, ou moutre
nou jan pou nou obeyi ou. Fè nou tounen vin jwenn ou,
paske ou se Seyè a, Bondye nou an. **19** Nou te vire do ba
ou, men, koulye a nou vle tounen vin jwenn ou. Sa te
fè nou lapenn, nou rekonèt sa nou te fè a mal. Nou te
wont, nou te bese tèt nou atè, paske nou te peche nan
tan jennès nou. **20** Izrayèl, nou se pitit gason mwen pi
renmen an, pitit mwen pi pito a. Chak fwa non nou vin
nan bouch mwen pou m' pini nou, mwen chonje jan mwen
renmen nou. Se poutèt sa mwen fèb pou nou, m'a gen
pitye pou nou. Se mwen menm Seyè a ki di sa. **21** Mete
mak sou tout wout la, plante jalon sou tout chemen an.
Jwenn chemen ou te pran lè ou taprale a. Tounen non,
nou menm moun pèp Izrayèl yo, tounen lakay nou nan
lavil ki pou nou yo. **22** Kilè n'a sispann drive deyò, bann
wòklò! Mwen fè yon bagay tou nèf nan peyi a: Koulye a
se fanm k'ap liyen gason. **23** Seyè ki gen tout pouvwa
a, Bondye pèp Izrayèl la, di ankò: -Lè m'a fè pèp mwen
an tounen lakay li, men sa yo pral mache di ankò nan
tout peyi Jida ak nan tout lavil li yo: Se pou Seyè a beni
mòn ki apa pou li a, mòn kote Bondye k'ap delivre a rete
a. **24** Se sou mòn sa a moun peyi Jida yo ansanm ak
moun tout lavil yo pral rete. Se la moun k'ap travay latè yo
ansanm ak moun k'ap gade mouton yo pral rete tou. **25**
Mwen pral bay tout moun ki bouke yo kouraj. Mwen pral
plen vant tout moun k'ap mouri grangou yo. **26** Lè sa a,
pèp la va di: M' al dòmi. Lè m' leve, mwen wè dòmi an te
bon pou mwen. **27** Talè konsa mwen pral simen moun
ak bèt nan tout peyi Izrayèl la ak nan tout peyi Jida a.
Se mwen menm Seyè a ki di sa. **28** Menm jan mwen te
pran san m' pou m' te derasinen yo, lage yo atè, demoli
yo, detwi yo, fè malè sou yo, se konsa tou mwen pral
pran san m' pou m' rebati yo, pou m' replante yo. Se
Seyè a menm ki di sa. **29** Lè sa a, pesonn p'ap di ankò:
Papa ak manman te manje rezen vèt, se dan timoun yo ki
gasi. **30** Moun ki manje rezen vèt la, se li menm ki va gen
dan gasi. Chak moun va mouri pou sa li fè ki mal. **31**
Seyè a di ankò: Lè a pral rive, mwen pral pase yon lòt
kontra avèk moun peyi Izrayèl yo ansanm ak moun peyi
Jida yo. **32** Se p'ap tankou kontra mwen te pase avèk
zansèt yo a lè m' te pran men yo pou m' te fè yo soti kite
peyi Lejip. Atout se mwen ki te mèt yo, yo pa t' kenbe
kontra mwen an. Se mwen menm Seyè a ki di sa! **33**
Men kontra mwen pral pase ak pèp Izrayèl la. Se Seyè
a menm ki di sa. Lè sa a, m'ap mete prensip mwen yo
anndan kè yo, m'ap make lòd mwen yo nan lespri yo. M'a
tounen Bondye pou yo, y'a tounen yon pèp pou mwen. **34**
Pesonn p'ap bezwen moutre lòt moun nan peyi a kouman
pou yo chache konnen Seyè a, paske yo tout ap konnen
m', depi sa ki pi piti a jouk sa ki pi gran an. Se mwen
menm Seyè a ki di sa. M'a padonnen sa yo fè ki mal,
mwen p'ap chonje peche yo ankò. Se mwen menm Seyè
a ki di sa. **35** Seyè a mete solèy la pou l' klere lajounen. Li
bay lalin ak zetwal yo lòd pou yo klere lannwit. Li eksite
lanmè a, li fè l' move. Se li menm ki Seyè ki gen tout
pouvwa a: Se konsa yo rele l'. **36** Toutotan prensip sa
yo va kenbe, se toutotan pèp Izrayèl la va yon nasyon
devan mwen. Se mwen menm Seyè a ki di sa. **37** Si yon
jou yo ka rive mezire wotè syèl la, si yo ka rive konnen
fondasyon latè a, konsa tou, yon jou mwen ka rive voye
tout pèp Izrayèl la jete poutèt tou sa yo fè ki mal. Se Seyè
a menm ki di sa. **38** Men sa Seyè a di ankò: -Pa rete
lontan ankò, yo pral rebati tout lavil Jerizalèm pou Seyè a,
depi gwo fò Ananyèl la jouk Pòtay Kwen an. **39** Limit lavil
la va konmanse la, l'a pran direksyon ti mòn Garèb la sou
bò lwès, l'a vire bò Goa. **40** Y'a pran tout fon ki sèvi pou
antere kadav ak pou boule fatra a, tout tè ki soti depi bò
ravin Sedwon an rive nan kwen Pòtay Chwal yo sou bò
lès, y'a mete yo apa pou mwen. Yo p'ap janm kraze, ni yo
p'ap janm demoli yo ankò.

32 Seyè a pale ak Jeremi yon lòt fwa ankò. Lè sa
a Sedesyas te gen dizan depi li te wa peyi Jida,
Nèbikadneza te gen dizwitan depi li te wa lavil Babilòn. **2**

Lame wa Babilòn lan te sènen lavil Jerizalèm. Yo te arete
pwofèt Jeremi, yo te fèmen l' nan lakou palè wa Jida a
kote gad yo ye a. 3 Se Sedesyas, wa peyi Jida a, ki te fè
fèmen pwofèt la la, paske li t'ap fè l' repwòch dèske li te
bay mesaj sa a nan non Bondye Seyè a: M'ap lage lavil
Jerizalèm nan men wa Babilòn lan. L'ap pran l'. 4 Wa
Sedesyas p'ap chape anba men moun Kalde yo. M'ap
lage l' nan men wa Babilòn lan. L'a konparèt devan wa a,
y'a pale yonn ak lòt, je nan je. 5 Apre sa, y'a mennen
Sedesyas lavil Babilòn, li va rete la jouk m'a regle avè
l'. Menm si nou goumen ak moun Babilòn yo, nou p'ap
janm genyen lagè a. Se Seyè a menm ki di sa. 6 Lè sa a,
Jeremi rakonte ki jan Seyè a te pale avè l'. Seyè a te di l'
konsa: 7 -Anamèl, kouzen ou lan, pitit Chaloum, tonton ou
bò papa, pral vin wè ou. Li pral mande ou pou achte yon
jaden li genyen lavil Anatòt, paske se ou menm ki fanmi pi
pre ak li, se ou menm an premye ki gen dwa achte l'.
8 Se konsa, jan Seyè a te fè m' konnen an, kouzen m'
Anamèl vin jwenn mwen nan lakou palè kote gad yo ye a.
Li mande m' pou m' achte yon jaden li te genyen lavil
Anatòt, nan peyi moun Benjamen yo. Li di se mwen an
premye ki gen dwa achte l' paske se mwen ki fanmi pi pre
ak li. Konsa, se mwen ki pou achte l' nan men l'. Lè sa a,
mwen vin sèten se Seyè a menm ki te pale avè m'. 9 M'
achte jaden an nan men Anamèl, pitit tonton m' lan, mwen
peze lajan pou m' ba li a. Lajan an te rive disèt pyès an
ajan. 10 Apre sa, mwen siyen de papye tè yo, mwen mete
so m' sou yonn. Mwen fè temwen yo siyen tou, mwen fè
kontwole pèz lajan an nan balans. 11 Apre sa, mwen pran
de papye tè yo. Sa ki te sele a te gen kontra lavant lan jan
lalwa mande l' la. Lòt papye a te rete tou louvri. 12 Mwen
renmèt papye tè yo bay Bawouk, pitit gason Nerija, pitit
pitit Makseja, devan Anamèl, kouzen m' lan, devan lòt
temwen ki te siyen papye tè yo, devan tout moun peyi
Jida ki te la nan lakou gad palè a. 13 Devan yo tout,
mwen di Bawouk konsa: 14 -Men lòd Seyè ki gen tout
pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la, bay. Pran de papye tè
sa yo, sa ki sele a ak sa ki tou louvri a, mete yo nan yon
ti kannari pou yo ka konsève pandan lontan. 15 Paske
yon lè yo va achte kay, jaden ak pye rezen nan peyi a
ankò. Se Seyè a menm ki di sa. 16 Apre mwen te fin bay
Bawouk, pitit gason Nerija a, papye tè yo, mwen lapriyè
Seyè a, mwen di l': 17 -Aa, Seyè, Bondye! Se avèk fòs
kouraj ou, se avèk gwo pouvwa ou ou te fè syèl la ak latè
a. Anyen pa twò difisil pou ou. 18 Ou fè mil jenerasyon
nan yon fanmi wè jan ou gen bon kè. Men tou, ou fè pitit
peye pou peche papa ak manman yo te fè. Ou se yon
Bondye ki gen pouvwa, ki gen fòs. Yo rele ou: Seyè ki gen
tout pouvwa a. 19 Plan travay ou, se gwo zafè. Yo pa ka
konte bèl bagay ou fè yo. Je ou louvri sou tou sa moun ap
fè, pou bay chak moun sa yo merite dapre sa yo fè, dapre
jan yo mennen bak yo. 20 Depi nan tan lontan rive jouk
jounen jòdi a, ou te fè mirak ak mèvèy nan peyi Lejip, nan
peyi Izrayèl ak nan tout lòt nasyon yo. Konsa, koulye a yo
konnen ou toupatou. 21 Ou fè nou soti kite peyi Lejip ak
fòs ponyèt ou ak gwo kouraj ou. Ou te fè anpil mirak ak
anpil mèvèy, anpil bagay ki te fè moun pè. 22 Ou te ba yo
peyi ou te pwomèt ou t'ap bay zansèt yo a, peyi kote lèt
ak siwo myèl koule tankou dlo. 23 Yo rive nan peyi a, yo
pran l' pou yo, men yo derefize koute ou. Yo pa viv jan ou
te mande yo viv la. Yo pa fè tou sa ou te ba yo lòd fè a.
Se konsa, ou voye tout gwo malè sa a sou yo jòdi a. 24
Moun Babilòn yo sènen lavil la, y'ap anpile tè nan pye
miray yo, y'ap pwoche pou yo pran lavil la. Nou ta mèt di
lavil la nan men yo deja. Lagè, grangou ak move maladi
fin kraze kouraj moun yo. Ou wè sa ou te di a rive vre. 25
Wi, sa ki rete pou lavil la tonbe nan men moun Babilòn yo
pa anyen. Poukisa atò, Seyè Bondye, ou ban m' lòd achte
jaden sa a pou lajan kach devan temwen? 26 Seyè a pale
ak Jeremi ankò, li di l' konsa: 27 -Mwen menm Seyè a,
mwen se Bondye tout moun sou latè. Pa gen anyen ki
twò difisil pou m' fè. 28 Se poutèt sa, mwen menm mwen
di ou: m'ap lage lavil sa a nan men moun Babilòn yo, nan
men Nèbikadneza, wa yo a! Y'ap pran lavil la. 29 Moun
Babilòn k'ap atake lavil la pral antre ladan l'. Y'ap mete
dife, y'ap boule l'. Y'ap mete dife nan kay kote moun yo te
fè m' fache anpil la, lè yo te moute anwo twati a pou boule
lansan pou Baal, pou fè ofrann diven pou lòt bondye. 30
Paske, moun Izrayèl yo ak moun Jida yo, se sa ki mal ase
y'ap fè depi nan konmansman. Wi, moun Izrayèl yo, se
fache y'ap fè m' fache ase ak tou sa y'ap fè a. Se Seyè a
menm ki di sa. 31 Lavil Jerizalèm sa a, depi jou yo te bati
l' la rive jouk jòdi a, se kòlè l'ap fè m' fè, se move san
l'ap fè m' fè. Kifè koulye a, mwen pa ka wè l' devan je
m' ankò. 32 Akòz tou sa moun peyi Izrayèl yo ak moun
peyi Jida yo te fè ki mal, m' about ak yo tout, ni wa yo, ni
chèf yo, ni prèt yo, ni pwofèt yo, ni moun peyi Jida yo, ni
moun lavil Jerizalèm yo. 33 Yo vire do ban mwen. Malgre
mwen pa t' janm sispann montre yo sa pou yo fè, yo pa t'
vle koute m', yo pa vle aprann. 34 Yo mete vye zidòl yo
nan tanp yo te mete apa pou mwen an, yo fè tanp lan
pa nan kondisyon pou sèvi m' ankò. 35 Yo bati lotèl pou
Baal nan Fon Benninon an, yo ofri pitit gason yo ak pitit fi
yo pou yo touye pou Molòk, bagay mwen pa t' janm ba
yo lòd fè, bagay ki pa t' janm vin nan lide m'. Lè yo fè
bagay degoutan sa a, yo fè pèp Jida a tonbe nan peche.
36 Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, pale ak Jeremi, li di l'
konsa: -Koulye a mwen ta renmen di yon lòt bagay sou
lavil Jerizalèm. Ou te di ansanm ak lòt yo: Lagè, grangou
ak move maladi ap fini ak lavil la, l'ap tonbe nan men wa
Babilòn lan. 37 Enben, wi! Mwen te fache sou yo, mwen
te move anpil, mwen te fè gwo kòlè. Lè sa a, mwen gaye
yo nan yon bann peyi. Men, mwen pral sanble yo, m'ap
mennen yo tounen isit la ankò pou yo ka viv san kè sote.
38 Lè sa a, yo menm y'a tounen pèp ki apa pou mwen an
ankò, mwen menm m'a tounen Bondye yo ankò. 39 Sèl
lide m'ap mete nan tèt yo tout, sèl anvi m'a ba yo tout, se
pou yo gen krentif pou mwen tout tan. Se va pou byen yo
ak pou byen pitit pitit yo. 40 M'ap pase yon kontra ak yo ki
p'ap janm kase. M'ap pran angajman mwen p'ap janm

lage yo. Mwen p'ap janm sispann fè yo byen. Wi, m'a fè
yo gen krentif pou mwen ak tout kè yo. Konsa, yo p'ap
janm vire do ban mwen ankò. 41 M'a pran plezi pou m' fè
yo byen. M'a travay ak tout kè m' ak tout nanm mwen pou
yo pran rasin nèt nan peyi a. 42 Seyè a di ankò: Menm
jan se mwen menm ki te fè gwo malè sa a rive pèp la,
konsa tou, se mwen menm ki pral ba yo tout bon bagay
mwen te pwomèt m'ap ba yo. 43 W'ap di ansanm ak lòt
moun yo: Peyi a fini. Pa gen yon moun, pa gen yon bèt
ladan l'. Yo lage peyi a nan men moun Babilòn yo. Men
yon lè, moun va achte tè nan peyi a ankò. 44 Wi, nan
tout peyi Benjamen an, nan tout ti bouk ki nan vwazinaj
lavil Jerizalèm yo, nan tout lavil Jida yo, nan lavil ki nan
mòn yo, nan tout lavil ki nan plenn yo, bò lanmè, ak nan
sid peyi a, moun va achte jaden, y'a pase papye tè, y'a
sele yo, y'a fè temwen siyen yo. Paske m'ap fè pèp la
tounen nan peyi a ankò. Se mwen menm Seyè a ki di sa.
Jerizalèm

33 Jeremi te nan prizon toujou nan lakou palè kote gad
yo ye a lè Seyè a pale avè l' ankò. Li di l': 2 -Se
mwen menm ki fè latè a, ki ba li fòm, ki kenbe l' nan plas
li. Se mwen menm yo rele Seyè a. Men sa mwen di: 3
Rele m', m'a reponn ou. M'a fè ou konnen yon bann gwo
bagay, yon bann mèvèy ou pa t' janm konnen. 4 Wi, men
sa mwen menm, Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, mwen di
sou kay lavil Jerizalèm yo, sou kay wa peyi Jida yo, ki fin
kraze paske moun Babilòn yo sènen lavil la, y'ap atake l'.
5 Gen moun ki soti pou kenbe tèt ak moun Babilòn yo.
Moun sa yo lakòz kay yo pral plen kadav moun mwen pral
touye tèlman mwen fache, tèlman mwen move. Mwen
p'ap okipe lavil Jerizalèm ankò paske moun li yo fè twòp
mechanste. 6 Men, mwen pral ba yo renmèd pou yo sa
gaya. M'ap geri yo. M'ap fè yo konnen jan sa bon lè moun
viv ak kè poze san ankenn danje. 7 M'ap fè peyi Izrayèl
ak peyi Jida kanpe ankò. Zafè yo pral mache tankou nan
tan lontan. 8 M'ap mete yo nan kondisyon pou yo sèvi
m', m'ap wete tout peche yo te fè kont mwen yo. M'ap
padonnen tou sa yo te fè ki mal lè yo t'ap fè wòklò avè m'
lan. 9 Lè sa a, lavil Jerizalèm pral fè kè m' kontan. Li pral
sèvi yon lwanj pou mwen, yon bèl bagay devan tout lòt
nasyon ki sou latè. Lè y'a konnen tout byen mwen pral fè
pou moun Jerizalèm yo, lè y'a wè tout bèl bagay m'a fè
pou yo, y'a tranble tèlman y'a pè, y'a sezi. 10 Seyè a di
ankò: Y'ap di peyi a tounen yon dezè, pa gen moun, pa
gen bèt ladan l'. Se vre wi. Lavil peyi Jida yo, tout lari
lavil Jerizalèm blanch: ou pa jwenn ni moun, ni bèt ladan
yo. Men nan peyi a y'a tande ankò 11 vwa moun k'ap
pran plezi yo, moun ki gen kè kontan. Y'a tande mizik pou
moun k'ap marye yo. Y'a tande moun k'ap chante lè y'ap
pote ofrann pou di Bondye mèsi nan tanp Seyè a. Y'a di:
Lwanj pou Seyè ki gen tout pouvwa a paske li bon! Li
p'ap janm sispann renmen nou! Wi, m'ap fè peyi a kanpe
ankò jan l' te ye anvan an. Se Seyè a ki di sa. 12 Men sa
Seyè ki gen tout pouvwa a di ankò: -Nan peyi sa a ki fini,
peyi kote ou pa jwenn ni moun ni bèt la nan tout lavil yo,
va gen kote pou gadò mouton yo mennen mouton yo al
manje. 13 Nan lavil ki nan mòn yo, nan lavil ki nan plenn
yo bò lanmè a ak nan sid peyi a, nan tout peyi Benjamen
an, nan tout ti bouk nan vwazinaj Jerizalèm yo, nan tout
lavil Jida yo, gadò mouton yo va fè mouton pase devan
yo yonn apre lòt pou konte yo. Se Seyè a menm ki di sa.
14 Seyè a di ankò: Yon jou pral vini, mwen pral kenbe
pwomès mwen te fè moun Izrayèl yo ansanm ak moun
Jida yo. 15 Jou sa a, lè sa a, m'a fè yon nonm soti nan
fanmi David la pou gouvènen yo. Se va yon wa ki va fè sa
ki dwat, ki p'ap nan patipri. 16 Lè sa a, moun peyi Jida yo
ak moun lavil Jerizalèm yo va sove, y'a viv san kè sote.
Y'a rele lavil Jerizalèm Seyè a, Delivrans nou an. 17 Seyè
a di ankò: Va toujou gen yon wa ki soti nan fanmi David la
pou gouvènen peyi Izrayèl la. 18 Va toujou gen prèt nan
fanmi Levi a pou sèvi m' nan tanp lan, pou boule ofrann
nan dife pou mwen, pou fè ofrann grenn jaden ak lòt
ofrann bèt pou mwen chak jou. 19 Seyè a pale ak Jeremi
ankò, li di l': 20 -Mwen pase yon kontra ak lajounen, yon
kontra ak lannwit pou yo toujou rive lè pou yo rive a. Eske
nou ka kraze kontra sa yo? Non. 21 Enben, konsa tou,
mwen siyen yon kontra ak David, sèvitè m' lan, pou toujou
gen yonn nan pitit li yo chita sou fotèy wa a nan peyi a.
Mwen siyen yon kontra ak moun Levi yo ansanm ak prèt
k'ap sèvi m' yo. Kontra sa yo p'ap janm kase. 22 Mwen
pral fè fanmi David, sèvitè m' lan, peple. Mwen pral fè
moun Levi k'ap sèvi m' yo peple sitèlman yo p'ap ka konte
kantite ki genyen. Y'ap tankou zetwal nan syèl la, tankou
grenn sab bò lanmè. 23 Seyè a pale ak Jeremi ankò, li
di l': 24 -Ou tande jan moun yo ap di mwen voye moun
Izrayèl yo ak moun Jida yo jete, de fanmi mwen menm
mwen te chwazi pou mwen yo! Se konsa y'ap meprize
pèp mwen an. Yo pa konsidere l' tankou yon nasyon ankò.
25 Men sa mwen menm Seyè a, mwen di: Mwen fè yon
kontra ak lajounen, mwen fè yon kontra ak lannwit. Mwen
bay regleman jan pou tout bagay nan syèl la ak sou latè a
mache. 26 Menm jan m'ap toujou kenbe kontra sa yo,
konsa tou m'ap toujou kenbe pawòl mwen ak pitit Jakòb
yo, mwen p'ap janm voye pitit pitit David, sèvitè m' lan,
jete. M'ap toujou chwazi yonn nan fanmi David la pou
gouvènen moun ki soti nan ras Abraram, Izarak ak Jakòb
yo. Wi, m'a gen pitye pou yo, m'a fè yo kanpe ankò.

34 Yon lòt jou, Seyè a pale ak Jeremi ankò. Lè sa
a, Nèbikadneza, wa Babilòn lan, t'ap atake lavil
Jerizalèm ansanm ak tout ti bouk ki nan vwazinaj li yo. Li
te gen avè l' tout lame pa l' la ansanm ak sòlda tout lòt
nasyon ak lòt ras li te soumèt anba pouvwa li. 2 Men sa
Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, di Jeremi: -Ale pale ak
Sedesyas, wa peyi Jida a, w'a di li konsa: Seyè a pral lage
lavil Jerizalèm nan men wa Babilòn lan ki pral mete dife
ladan l'. 3 Ou menm, ou p'ap chape. Y'ap arete ou, y'ap
lage ou nan men l' tou. W'a kontre avè l' bab pou bab. W'a
pale avè l'. Lèfini, w'ap pati pou Babilòn. 4 Tansèlman,
Sedesyas, wa Jida, koute mesaj Seyè a bay pou ou. Ou
p'ap mouri nan lagè. 5 W'ap mouri mouri ou nan kabann

ou. Lè sa a, y'a boule lansan pou ou menm jan yo te konn
boule lansan pou zansèt ou yo ki te wa anvan ou. Y'a rele
pou ou, y'a di: Ki lapenn sa a? Wa a mouri! Se mwen
menm Seyè a ki di sa. Se mwen ki bay mesaj sa a. 6
Pwofèt Jeremi bay Sedesyas, wa peyi Jida a, mesaj sa a
lavil Jerizalèm. 7 Lè sa a, lame wa Babilòn lan t'ap atake
lavil Jerizalèm ansanm ak de lòt lavil nan peyi Jida, Lakis
ak Azeka, ki t'ap kenbe tèt toujou ak lènmi yo, paske yo
menm yo te byen pwoteje. 8 Men nan ki sikonstans Seyè
a te pale ak Jeremi ankò. Wa Sedesyas te siyen yon
kontra ansanm ak tout pèp lavil Jerizalèm pou yo te bay 9
tout moun menm ras ak yo, fanm kou gason, ki te esklav
lakay yo libète yo. Konsa, pesonn nan moun Jida yo pa
t'ap gen yon frè parèy yo k'ap sèvi yo esklav. 10 Se konsa,
tout chèf yo ansanm ak tout pèp la te tonbe dakò pou yo
te bay tout esklav, fanm kou gason, yo te gen lakay yo
libète yo, lèfini pou yo pa janm pran yo sèvi esklav ankò.
Epi yo bay tout esklav yo libète yo vre. 11 Men apre sa,
yo chanje lide, yo pran moun yo te bay libète yo, fanm
kou gason, yo fòse yo tounen sèvi yo esklav ankò. 12
Lè sa a, Seyè a pale ak Jeremi, li di l' konsa: 13 -Men
sa Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, di: Mwen te pase yon
kontra avèk zansèt nou yo lè mwen te fè yo soti kite peyi
Lejip kote yo te esklav la. Mwen te di yo: 14 Lè yon ebre
parèy nou vann tèt li ban nou pou l' sèvi nou esklav, apre
sizan li pase ap sèvi nou, sou setyèm lanne a se pou
nou ba li libète l'. Se pou nou kite l' ale. Men, zansèt nou
yo pa t' koute m', yo pa t' okipe sa m' te di yo. 15 Men
nou menm nan jou ki sot pase yo, nou pa t' fè menm jan
ak yo, nou te fè sa ki dwat devan mwen. Tout moun te
dakò pou yo te bay ebre parèy yo libète yo. Lèfini, nou te
pran angajman sa a piblik devan mwen nan kay yo mete
apa pou mwen an. 16 Apre sa, nou chanje lide, nou pa
respekte m'. Nou tout nou fè esklav nou te bay libète yo
tounen lakay nou, fanm kou gason, nou fòse yo vin sèvi
nou esklav ankò. 17 Se poutèt sa, mwen menm Seyè a,
mwen di nou pa koute m', nou pa bay moun pèp Izrayèl
parèy nou yo libète yo. Enben, mwen menm Seyè a, m'ap
ban nou libète pou nou mouri nan lagè, nan grangou,
osinon anba move maladi. 18 M'ap mete tout lòt nasyon
sou latè yo vant ba lè y'a wè sa ki rive nou. 19 Nou menm
chèf peyi Jida yo ak grannèg lavil Jerizalèm yo ak lòt gwo
zotobre yo, prèt yo ansanm ak tout moun lavil Jerizalèm
yo, nou te pran yon angajman avè m' lè nou te pase nan
mitan de mwatye towo bèf nou te ofri ban mwen an. Men
nou pa kenbe angajman nou te pran an, nou pa fè sa
nou te pwomèt mwen n'ap fè a. Se poutèt sa, sa nou te
fè towo bèf nou te ofri ban mwen an, se sa mwen pral
fè rive nou. 20 M'ap lage nou nan men lènmi nou yo,
nan men moun ki soti pou touye nou yo. Kadav nou va
sèvi manje pou zwezo nan syèl ak bèt nan bwa. 21 M'ap
pran Sedesyas, wa peyi Jida a, ansanm ak tout chèf li yo,
m'ap lage yo nan men lènmi yo, nan men moun ki soti
pou touye yo. M'ap lage yo nan men lame wa Babilòn lan
ki fin leve kan yo pou yo ale. 22 M'ap pase yo lòd, y'ap
tounen vin atake lavil la. Y'ap pran l', y'ap mete dife ladan
l'. M'ap fè lavil peyi Jida yo tounen yon dezè san pyès
moun ladan yo. Se mwen menm Seyè a ki di sa.

35 Seyè a pale ak Jeremi ankò, lè sa a se Jojakim, pitit
Jozyas, ki te wa peyi Jida. Li di l' konsa: 2 -Al jwenn
moun branch fanmi Rekab yo. Pale ak yo. Fè yo vini ak
ou nan yonn nan pyès chanm Tanp lan. Lè y'a rive la,
w'a ba yo diven bwè. 3 Se konsa Jeremi al chache tout
branch fanmi Rekab yo, depi Jazanya, pitit gason Imeja,
ki te pitit Abasinya, ansanm ak tout frè l' yo ak tout pitit
gason yo. 4 Li mennen yo nan tanp lan. Li fè yo antre nan
pyès chanm yo te bay patizan pwofèt Anan, pitit Igdalya
a. Pyès chanm sa a te kole kole ak chanm chèf tanp yo, li
te anwo pyès chanm ki pou Maseya, pitit gason Chaloum
lan, prèt ki te reskonsab veye pòtay tanp lan. 5 Apre
sa, Jeremi mete gwo ja plen diven ak gode devan moun
Rekab yo. Li di yo: -Bwè diven non! 6 Men yo reponn li: -
Nou pa bwè diven non. Paske zansèt nou, Jonadab, pitit
Rekab la, te ban nou lòd sa yo: Pa janm bwè diven, ni
nou, ni pitit nou yo. 7 Pa janm bati kay, pa janm travay
latè, pa janm plante rezen, pa janm achte bagay konsa
non plis. N'a pase tout lavi nou anba tant. Konsa, n'a rete
lontan nan peyi ki pa pou nou an. 8 Nou toujou obeyi lòd
zansèt nou, Jonadab, pitit Rekab, te ban nou. Nou pa
janm bwè diven nan vi nou, ni nou menm, ni madanm
nou, ni pitit gason ak pitit fi nou yo. 9 Nou pa bati kay pou
nou rete. Nou pa gen pye rezen. Nou pa gen jaden pou n'
plante. 10 Se anba tant nou rete. Konsa, nou toujou fè tou
sa Jonadab, zansèt nou, te ban nou lòd fè a. 11 Men, lè
Nèbikadneza, wa peyi Babilòn lan, anvayi peyi a, nou
yonn di lòt: Ann antre lavil Jerizalèm pou nou chape anba
lame moun Babilòn yo ak lame moun peyi Siri yo. Se
konsa nou vin rete lavil Jerizalèm. 12 Lè sa a Seyè a pale
ak Jeremi. 13 Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye
pèp Izrayèl la, di l': -Ale jwenn moun peyi Jida yo ansanm
ak moun ki rete lavil Jerizalèm yo, w'a di yo: Poukisa yo
pa pran leson sou moun Rekab yo, pou yo fè sa mwen
di yo fè. Se mwen menm Seyè a k'ap mande yo sa. 14
Jonadab, pitit Rekab la, te bay lòd pou pitit li yo pa janm
bwè diven. Jouk jounen jòdi a yo pa janm bwè diven. Yo
swiv lòd zansèt yo te ba yo a. Men nou menm, mwen pa
janm sispann avèti nou. Nou pa janm koute m'. 15 Mwen
pa janm sispann voye sèvitè m' yo, pwofèt yo, vin di nou:
Manyè kite move pant n'ap swiv yo. Manyè fè sa ki dwat!
Pa kouri dèyè lòt bondye pou nou sèvi yo. Konsa, n'a rete
nan peyi mwen te bay pou zansèt nou yo ansanm ak nou
an. Men, nou pa koute m'. 16 Pitit Jonadab yo te fè tou sa
zansèt yo te mande yo fè, men nou menm moun Jida
yo, nou pa vle koute m'. 17 Se poutèt sa, men sa mwen
menm, Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a, Bondye
pèp Izrayèl la, mwen di nou: Mwen pral voye sou moun
peyi Jida ak moun lavil Jerizalèm yo malè mwen te di
m'ap voye a. Paske mwen te pale nou, nou pa koute m'.
Mwen rele nou, nou pa reponn mwen. 18 Apre sa, Jeremi
di moun Rekab yo: -Men sa Seyè ki gen tout pouvwa

a, Bondye pèp Izrayèl la, voye di nou: Nou te swiv lòd
zansèt nou, Jonadab, te ban nou an. Nou te fè tou sa li te
mande nou fè, tout lòd li te ban nou yo. 19 Se poutèt sa,
men sa mwen menm Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye
pèp Izrayèl la, mwen di: Va toujou gen yon gason nan
fanmi Jonadab, pitit Rekab la, pou sèvi mwen.

36 Seyè a pale ak Jeremi ankò. Lè sa a, Jojakim, pitit
Jozyas la, t'ap mache sou katran depi li te wa peyi
Jida. Men sa Seyè a te di Jeremi: 2 -Pran yon woulo
papye. W'a kouche sou li tou sa mwen te di ou sou peyi
Izrayèl la, sou peyi Jida a ak sou tout lòt nasyon yo. W'a
ekri tout mesaj mwen te ba ou, depi sou rèy wa Jozyas
rive jouk jòdi a. 3 Ou pa janm konnen, lè moun peyi Jida
yo va tande tout malè mwen fè lide voye sou yo, y'a
konprann, y'a manyè kite move pant y'ap swiv la. Lè sa
a, m'a padonnen tout mechanste ak peche yo te fè yo.
4 Se konsa, Jeremi rele Bawouk, pitit gason Nerija a, li
dikte l' tout mesaj Seyè a te ba li epi Bawouk ekri yo nan
woulo liv la. 5 Apre sa, Jeremi bay Bawouk lòd sa yo: -Yo
defann mwen antre nan tanp Seyè a. Mwen pa ka mete
pye m' la. 6 Men ou menm, ou prale nan tanp lan jou pou
pèp la fè jèn lan. Ou pral li nan woulo liv ou te ekri a tou
sa mwen te dikte ou la, tout mesaj Seyè a te bay yo. Ou
pral li l' byen fò pou tout moun ki nan tanp lan ka tande,
pou moun ki soti nan lavil peyi Jida yo ka tande tou. 7
Ou pa janm konnen, yo ka pran lapriyè nan pye Bondye,
y'a manyè kite move pant yo t'ap swiv la. Paske Seyè
a fè yo konnen li move anpil, li fache anpil sou pèp la.
8 Bawouk, pitit Nerija a, fè tou sa Jeremi te ba li lòd fè
a. Li kanpe nan mitan Tanp lan, li li mesaj Seyè yo ki te
nan liv la. 9 Se te nan nevyèm mwa senkyèm lanne rèy
Jojakim, pitit Jozyas la, yo te bay lòd pou tout moun lavil
Jerizalèm yo ansanm ak tout moun ki te soti nan lavil peyi
Jida yo epi ki te nan lavil Jerizalèm lan pou yo fè yon
sèvis jèn pou mande Seyè a gras. 10 Lè sa a, Bawouk
pran liv mesaj Jeremi yo, li li l' nan tanp lan pou tout moun
ka tande. Li te kanpe devan pyès chanm Gemarya, pitit
gason Chafan an, ki te sekretè tanp lan. Chanm lan te bay
sou gwo lakou anwo a, toupre kote yo pase pou antre nan
Pòtay Nèf Tanp Seyè a. 11 Miche, pitit Gemarya a, pitit
pitit Chafan an, te tande tout mesaj Seyè yo ki te ekri nan
liv la. 12 Apre sa, li ale lakay wa a, nan biwo sekretè wa
a, kote li jwenn tout gwo chèf yo reyini ap travay. Te gen
Elichama, sekretè palè a, Delaya, pitit gason Chemaya,
Elnatan, pitit Achbò, Gemarya, pitit Chafan, Zedekya, pitit
Ananya, ak tout lòt gwo chèf yo. 13 Miche di yo tou sa li
te sot tande Bawouk ap li nan zòrèy pèp la. 14 Lè sa
a, gwo chèf yo voye Jeoudi bò kot Bawouk. Jeoudi sa
a, se te pitit Netanya, pitit pitit Chelemya, pitit pitit pitit
Kouchi. li al di Bawouk pou li pote woulo liv li te li nan
zòrèy pèp la bay chèf yo. Bawouk pote woulo liv la ba yo.
15 Yo di l' konsa: -Chita la, li l' pou nou tande. Bawouk li
liv la pou yo. 16 Lè yo tande tou sa ki te nan liv la, yo
vin pè. Yonn pran gade lòt, epi yo di: -Se pou n' al fè wa
a konnen bagay sa yo. 17 Lèfini, yo mande Bawouk: -
Mangè di nou ki jan ou te fè ka ekri tout bagay sa yo.
Se Jeremi ki te dikte ou yo? 18 Bawouk reponn yo: -Se
Jeremi menm ki te dikte tout mesaj sa yo. Mwen menm,
mwen kouche yo sou woulo liv la ak lank. 19 Lè sa a,
chèf yo di Bawouk: -Al kache tande, ou menm ansanm
ak Jeremi. Pa kite pyès moun konnen kote nou ye. 20
Chèf yo kite woulo liv la lakay Elichama, sekretè palè a, y'
ale nan lakou palè a, y' al rapòte wa a tout bagay. 21 Lè
sa a atò, wa a voye Jeoudi al chache woulo liv la lakay
Elichama, sekretè a. Jeoudi pote liv la vini. Li tanmen li li
byen fò pou wa a ansanm ak lòt chèf ki te kanpe bò wa a.
22 Se te nan sezon fredi, nan nevyèm mwa a, wa a te nan
kay kote li konn pase tan fredi a, li te chita devan yon
gwo recho dife tou limen. 23 Chak fwa Jeoudi te fin li twa
ou kat kolonn nan liv la, wa a koupe yo ak yon ti kouto
epi li jete yo nan dife a. Konsa konsa, jouk li boule tout
woulo liv la. 24 Men, ni wa a ni chèf li yo pa t' gen kè
kase, ni yo pa t' fè anyen pou moutre yo te nan lapenn lè
yo tande tou sa ki te nan woulo liv la. 25 Elnatan, pitit
Delaja, ak Gemarya te lapriyè nan pye wa a pou li pa t'
boule woulo liv la. Men, wa a pa koute yo. 26 Okontrè,
li pale ak Jerakmeyèl, pitit li a, ansanm ak Seraja, pitit
Azryèl la, ak Chelemya, pitit Abdeyèl la. Li ba yo lòd pou
yo arete pwofèt Jeremi ansanm ak Bawouk, sekretè l' la.
Men Seyè a pa kite yo jwenn yo. 27 Apre wa a te fin boule
woulo liv ki te gen tout mesaj Jeremi te dikte Bawouk la,
Seyè a pale ak Jeremi ankò. Li di l' konsa: 28 -Al chache
yon lòt woulo papye. Ekri tou sa ki te nan premye woulo
Jojakim, wa peyi Jida a, te boule a. 29 Lèfini, men sa w'a
di sou Jojakim, wa Jida a. Seyè a pale, li di konsa: Ou
boule woulo liv la, pa vre? Epi ou mande Jeremi poukisa li
te ekri wa Babilòn lan gen pou l' vini pou l' kraze peyi a,
pou l' touye dènye moun ak dènye bèt ki ladan l'. 30 Se
poutèt sa, koulye a, men mesaj mwen menm Seyè a m'ap
bay sou Jojakim, wa peyi Jida a: p'ap janm gen yonn nan
pitit li yo ki pou chita sou fotèy David la pou gouvènen
nan plas li. Kadav li pral rete atè konsa, pou chalè solèy
bat li lajounen, pou fredi bat li lannwit. 31 M'ap pini yo, ni
li menm ni pitit li yo, ni chèf li yo pou tou sa yo fè ki mal.
Ni yo, ni moun lavil Jerizalèm yo, ni moun peyi Jida yo
pa t' koute m' lè mwen t'ap avèti yo. M'ap voye sou yo
malè mwen te di m'ap voye a. 32 Se konsa Jeremi pran
yon lòt woulo liv. Li bay Bawouk, sekretè li a, pitit Nerija
a. Bawouk menm ekri tou sa Jeremi te di l'. Li ekri tout
mesaj ki te nan premye woulo liv wa Jojakim te boule a,
ansanm ak anpil lòt mesaj menm jan ak premye yo.

37 Nèbikadneza, wa Babilòn, te mete Sedesyas, yonn
nan pitit Jozyas yo, wa nan peyi Jida nan plas
Jekonya, pitit Jojakim. 2 Men, ni Sedesyas, ni chèf li yo,
ni ankenn lòt moun nan peyi a pa te vle tande mesaj Seyè
a te bay pwofèt Jeremi pou yo. 3 Men, wa Sedesyas te
voye Jewoukal, pitit Chelemya, ak Sefanya, prèt la, pitit
Maseja, bò kot pwofèt Jeremi pou mande l' lapriyè Seyè
a, Bondye yo a, pou yo tout. 4 Lè sa a, yo pa t' ankò mete
Jeremi nan prizon. Li t'ap ale vini jan l' te vle nan mitan

pèp la. 5 Lame moun Babilòn yo te sènen lavil Jerizalèm.
Lè yo pran nouvèl lame farawon an te travèse fwontyè
peyi Lejip la, yo wete kò yo devan lavil Jerizalèm. 6 Lè sa
a, Seyè a pale ak pwofèt Jeremi. Li di l': -Men repons w'a
voye bay Sedesyas: 7 Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la
pale. Men sa n'a di wa Jida ki te voye nou bò kote m' lan.
Lame farawon an t'ap vin ede nou. Men l'ap tounen lakay
li nan peyi Lejip. 8 Lè sa a, moun Babilòn yo ap tounen
dèyè nou ankò, y'ap atake lavil la, y'ap pran l', y'ap boule
l'. 9 Se mwen menm Seyè a ki di sa: Pa twonpe tèt nou.
Pa konprann moun Babilòn yo pati ale nèt, yo gen pou yo
tounen. 10 Menm si nou ta rive kraze tout lame moun
Babilòn k'ap fè nou lagè a epi se sa ki blese yo ase nou
kite kouche anba tant yo, yo tout y'ap leve, y'ap vin boule
lavil la ratè. 11 Lè sa a, lame moun Babilòn yo te wete kò
yo devan Jerizalèm, paske yo te pran nouvèl mouvman
lame farawon an. 12 Jeremi te vle fè yon ti soti andeyò
lavil la pou li ale nan peyi moun Benjamen yo. Li tapral
resevwa pòsyon pa l' nan yon tè fanmi li ansanm ak tout
rès moun yo t'ap separe. 13 Lè li rive Pòtay Benjamen,
li kontre ak kòmandman pòs la ki te rele Jirija. Se te
pitit Chelemya, pitit pitit Ananya. Jirija rete Jeremi, li di l'
konsa: -Anhan! Ou pral rann tèt ou bay moun Babilòn yo!
14 Jeremi reponn li: -Non, monchè! Mwen pa pral rann
tèt mwen kras bay moun Babilòn yo. Men Jirija pa koute
l' menm. Li boukle Jeremi, li mennen l' bay chèf yo. 15
Chèf yo move sou Jeremi, yo fè bat li byen bat. Apre sa,
yo fèmen msye lakay Jonatan, sekretè tanp lan. Yo te
pran kay sa a sèvi yo prizon. 16 Yo mete Jeremi nan yon
kacho anba tanp lan. Yo kite l' pase kèk tan la. 17 Apre
sa, wa Sedesyas voye chache l'. Lè Jeremi rive nan palè
a, wa a pran l' sou kote, li mande l': -Eske Seyè a ba ou
yon mesaj pou mwen? Jeremi reponn: -Wi, monwa. Men
li: Yo pral lage ou nan men wa lavil Babilòn lan. 18 Apre
sa Jeremi mande wa a: -Sa mwen fè ou, sa m' fè chèf ou
yo, sa m' fè pèp la pou ou mete m' nan prizon? 19 Kisa ki
rive pwofèt ou yo ki te di ou wa lavil Babilòn lan pa t'ap
vin atake ni ou menm ni peyi a? 20 Koulye a, monwa, mèt
mwen, tanpri, koute sa m'ap mande ou. Tanpri souple, pa
voye m' tounen nan prizon kay Jonatan, sekretè a. Si
ou fè sa, nanpwen rechap pou mwen. 21 Se konsa, wa
Sedesyas bay lòd pou yo fèmen Jeremi nan lakou gad
palè yo. Chak jou se pou yo ba li yon pen y'a pran nan
Riyèl Boulanje yo jouk jou p'ap gen pen ankò nan lavil la.
Se konsa Jeremi rete nan lakou gad palè yo.

38 Chefatya, pitit Matan, Gedalya, pitit Pachou, Jeoukal,
pitit Chelemya, ak Pachou, pitit Malkya, te vin
konnen Jeremi t'ap pale ak pèp la. Li t'ap di yo konsa: 2 -
Men mesaj Seyè a bay: tout moun ki va rete nan lavil la
pral mouri. Sa ki pa mouri nan lagè pral mouri grangou,
osinon move maladi ap pote yo ale. Men, tout moun ki va
soti al rann tèt yo bay moun Babilòn yo p'ap mouri. Y'a
sove lavi yo. 3 Wi, men sa Seyè a di: Mwen pral lage lavil
la nan men lame moun Babilòn yo. Y'ap pran lavil la pou
yo. 4 Chèf yo al di wa a: -Se pou yo touye nonm sa a.
Paske lè l'ap pale konsa, li fè sòlda yo ansanm ak tout lòt
moun ki rete nan lavil la pèdi kouraj. Nonm sa a pa soti
pou l' ede pèp la. Se mal ase li vle pou li. 5 Wa Sedesyas
reponn: -Bon! Fè sa nou vle avè l'. Mwen pa ka di nou
anyen. 6 Se konsa, te gen yon gwo pi nan lakou palè a
ki te pou Malkija, pitit gason wa a. Yo pran Jeremi, yo
desann li nan fon sitèn lan avèk kòd. Pa t' gen dlo ladan l',
men te gen anpil labou. Jeremi antre nan labou a. 7 Lè sa
a, te gen yon moun peyi Letiopi ki te rele Ebèdmelèk.
Se te yon nèg konfyans ki t'ap travay lakay wa a. Li vin
konnen yo te mete Jeremi nan sitèn lan. Jou sa a, wa a te
chita ap rann jijman bò Pòtay Benjamen an. 8 Ebèdmelèk
soti nan palè a, li ale bò pòtay la, li di wa a konsa: 9 -
Monwa, mèt mwen, sa mesye yo fè pwofèt Jeremi an pa
bon non. Yo desann li nan fon sitèn lan kote, wè pa wè,
l'ap mouri grangou, paske pa gen pen lavil la ankò. 10 Lè
sa a, wa a bay Ebèdmelèk lòd pou li pran trant lòt moun
avè l' pou li wete Jeremi nan sitèn lan anvan l' mouri. 11
Se konsa Ebelmelèk pran moun yo avè l', li antre nan
palè a, li ale yon kote ki anba pyès depo richès wa a, li
pran yon bann moso twal chire ak vye rad, li mare yo nan
kòd, li file yo desann bay Jeremi nan sitèn lan. 12 Epi li di
Jeremi konsa: -Mete moso twal yo ak vye rad yo anba
zesèl ou pou kòd yo pa kòche ou. Jeremi fè sa vre. 13
Epi yo rale l' moute soti nan sitèn lan avèk kòd yo. Apre
sa, Jeremi rete nan lakou gad palè yo. 14 Yon lòt fwa
ankò, wa Sedesyas voye chache pwofèt Jeremi, li fè yo
mennen l' ba li bò twazyèm pòt pou antre nan kay Seyè
a. Wa a di l' konsa: -Mwen gen yon bagay m' bezwen
mande ou. Reponn mwen kare, pa kache m' anyen. 15
Jeremi reponn li: -Ala, si mwen pale ou kare, w'ap fè yo
touye m'. Si m' ba ou yon konsèy, ou p'ap koute m'. 16
Wa Sedesyas rele Jeremi sou kote, li fè l' sèman. Li di l'
konsa: -Mwen pran Bondye vivan an, Bondye ki ban nou
lavi a, pou temwen, mwen p'ap fè touye ou, ni mwen p'ap
lage ou nan men moun ki vle touye ou yo. 17 Lè sa a,
Jeremi di Sedesyas konsa: -Men sa Seyè a, Bondye ki
gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la, di: Si ou al
rann tèt ou bay chèf wa Babilòn lan, yo p'ap touye ou. Yo
p'ap boule lavil la. Yo p'ap touye ni ou menm, ni fanmi ou.
18 Men, si ou pa al rann tèt ou bay chèf yo, lavil la pral
tonbe nan men moun Babilòn yo, y'ap boule l'. Lèfini, ou
p'ap ka chape anba men yo. 19 Wa Sedesyas reponn: -
Ou konnen sa m' pè? Se moun peyi Jida yo ki deja al
rann tèt yo bay moun Babilòn yo. Mwen pè pou moun
Babilòn yo pa lage m' nan men yo pou yo maltrete m'. 20
Jeremi di l' konsa: -Moun Babilòn yo p'ap fè ou sa. Koute
mesaj Seyè a ba ou nan sa mwen di ou la a, pou tout
bagay pase byen pou ou. Konsa ou p'ap mouri. 21 Si ou
derefize al rann tèt ou, men sa ki pral rive ou, dapre sa
Seyè a fè m' wè: 22 Yo pral pran tout fanm ki rete nan
palè wa Jida a, y'ap mennen yo bay chèf wa Babilòn lan.
Medam yo pral di: Moun ki te pi bon zanmi wa a pran
tèt li, yo fè l' fè sa yo vle. Koulye a, bra msye pran n'a
pèlen. Yo kouri kite l' pou kont li. 23 Yo pral pran tout

madanm ou yo, tout pitit ou yo, y'ap mennen yo bay moun
Babilòn yo. Ou menm, ou p'ap chape anba men yo. Wa
Babilòn lan ap fè ou prizonye, lèfini l'ap fè mete dife nan
lavil sa a. 24 Sedesyas di Jeremi konsa: -Pa kite pesonn
konnen tout pawòl sa yo. Konsa ou p'ap mouri. 25 Si chèf
yo rive konnen mwen te pale avè ou, y'ap vin jwenn ou,
y'ap mande ou sa ou te di m' ak sa m' te reponn ou. Y'ap
pwomèt yo p'ap touye ou si ou pa kache yo anyen. 26 Lè
sa a, w'a reponn yo: Se mande mwen t'ap mande wa a,
tanpri souple, pou l' pa voye m' tounen nan prizon lakay
Jonatan pou m' pa mouri la. 27 Tout chèf yo vini jwenn
Jeremi vre. Yo mande l' yon bann pawòl. Jeremi reponn
yo jan wa a te di l' la. Pa t' gen anyen chèf yo te ka fè
paske pesonn pa t' tande koze Jeremi te gen ak wa a. 28
Jeremi rete nan lakou gad palè yo jouk jou yo pran lavil
Jerizalèm.

39 Nan dizyèm mwa, nevyèm lanne rèy Sedesyas, wa
peyi Jida a, Nèbikadneza, wa Babilòn lan, vini ak
tout lame li a, li atake lavil Jerizalèm. Li sènen li toupatou.
2 Sou nevyèm jou nan katriyèm mwa, onzyèm lanne rèy
Sedesyas la, lènmi yo fè yon twou nan miray ranpa a. 3
Lè sa a, tout gwo chèf wa Babilòn yo antre nan lavil la, yo
pran pozisyon nan Pòtay Mitan an: Te gen Negal Sarezè,
Samga-Nebo, Sasekim, ki te chèf nèg konfyans wa yo,
yon lòt Negal-Sarezè ki te chèf konseye yo ansanm ak
tout lòt gwo chèf wa Babilòn yo. 4 Lè wa Sedesyas ak tout
sòlda li yo wè sa, yo tann lannwit rive, yo mete deyò. Yo
pase nan jaden wa a, yo soti nan pòtay kote de miray yo
kontre a, yo kite lavil la. Yo pran chemen ki mennen nan
Fon Jouden an. 5 Men, sòlda lame Babilòn yo rapouswiv
yo. Yo mete men sou Sedesyas nan plenn toupre lavil
Jeriko a. Yo pran l', yo mennen l' bay Nèbikadneza, wa
Babilòn lan, ki te lavil Ribla, nan peyi Amat. Rive la, wa
Babilòn lan bay lòd sa pou yo fè Sedesyas. 6 Li fè yo
touye pitit gason Sedesyas yo la devan je msye. Li fè
touye tout chèf peyi Jida yo tou. 7 Apre sa, li fe yo pete
de je Sedesyas. Lèfini, li fè yo mare l' ak de chenn kwiv
pou yo mennen l' Babilòn. 8 Moun Babilòn yo menm,
bò pa yo, mete dife nan kay wa a, nan kay tout grannèg
yo epi yo kraze miray ranpa lavil Jerizalèm. 9 Lèfini,
Nebouzaradan, chèf gad yo, pran tout rès moun ki te
rete nan lavil la ansanm ak sa ki te kouri kite lavil la, li
depòte yo lavil Babilòn. 10 Men, li kite tout moun ki pòv
yo, tout moun ki pa gen anyen yo rete nan peyi Jida a. Li
ba yo jaden rezen ak lòt jaden pou yo travay. 11 Men
Nèbikadneza, wa lavil Babilòn, bay Neboucharadan, chèf
lagad la lòd sa a pou Jeremi: 12 -Chache kote Jeremi ye.
Pran swen li byen. Pa fè l' anyen. Okontrè, tout sa l'a
mande, w'a ba li l'. 13 Se konsa Neboucharadan, chèf
lagad la, Nebouchasban, chèf nèg konfyans yo, Negal-
Sarezè, chèf konseye yo, ansanm ak tout lòt chèf wa
Babilòn yo 14 voye chache Jeremi nan lakou gad palè
yo. Yo renmèt li nan men Gedalya, pitit Akikam, pitit pitit
Chafan, ki te pou fè l' rive lakay li san danje. Se konsa
Jeremi te rete nan mitan pèp la. 15 Antan Jeremi te nan
prizon nan lakou gad palè yo, Seyè a te pale avè l' pou di
l' konsa: 16 -Al pale ak Ebèdmelèk, moun peyi Letiopi a.
W'a di li men mesaj Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye
pèp Izrayèl la, bay: Mwen pral fè tou sa mwen te di ki gen
pou rive a rive vre. Se va pou malè lavil la, se p'ap pou
byen li. Lè sa a, w'a la pou wè tout bagay. 17 Men jou sa
a m'ap sove ou. Se mwen menm Seyè a ki di sa. Ou p'ap
tonbe nan men moun k'ap fè ou pè yo. 18 Se vre wi, m'ap
sove ou, yo p'ap touye ou. W'ap sove, w'ap vivan paske
ou te gen konfyans nan mwen. Wi, se mwen menm Seyè
a ki di sa.

40 Seyè a pale ak Jeremi ankò apre Neboucharadan,
chèf lagad la, te lage l' lavil Rama. Yo te fè Jeremi
prizonye ansanm ak tout moun lavil Jerizalèm ak moun
peyi Jida yo. Yo te mete l' nan chenn ansanm ak tout
moun yo t'ap depòte lavil Babilòn. 2 Chèf lagad la pran
Jeremi sou kote, li di l' konsa: -Seyè a, Bondye ou la, te di
li t'ap fè malè sa a tonbe sou peyi a. 3 Koulye a sa li te di
li t'ap fè a, li fè l'. Sa ki lakòz? Se paske pèp ou a te antò
devan Seyè a, yo pa t' vle koute l'. 4 Atòkile, m'ap wete
chenn ki nan ponyèt ou yo, m'ap lage ou. Si ou vle vini
ak mwen lavil Babilòn, ou mèt vini, m'a pran swen ou.
Men, si ou pa vle tou, ou pa blije vini. Tout peyi a devan
ou, ou mèt ale kote ou vle. 5 Lè Neboucharadan wè
Jeremi pa reponn, li di l' ankò: -Tounen al jwenn Gedalya,
pitit Akikam, pitit pitit Chafan, lavil Mispa. Se li menm
wa Babilòn lan mete pou gouvènen tout lavil nan peyi
Jida yo. W'a rete avè l' nan mitan pèp la. Ou gen dwa
tou ale kote ou vle nan peyi a. Lèfini, li bay Jeremi yon
kado ansanm ak kèk pwovizyon pou l' manje, epi li voye
l' ale. 6 Jeremi al jwenn Gedalya, pitit Akikam lan, lavil
Mispa. Li rete la avè l' ansanm ak moun yo te kite nan
peyi a. 7 Te gen yon rès lame peyi Jida a ki te andeyò
lavil Jerizalèm. Chèf yo ansanm ak sòlda yo vin konnen
wa Babilòn lan te mete Gedalya, pitit Akikam lan, chèf sou
tout peyi a. Wa a te kite tout moun yo pa t' depòte yo sou
kont li, tout moun pòv yo, fanm kou gason, granmoun kou
timoun. 8 Se konsa, Izmayèl, pitit Netanya, Jokanan ak
Jonatan, pitit Karejak, Seraya, pitit Tannoumèt, pitit Efayi
yo, moun lavil Netofa, ansanm ak Jezanya, pitit Makat,
yo moute lavil Mispa, y' al jwenn Gedalya ansanm ak
tout sòlda yo. 9 Gedalya di yo konsa: -Mwen ban nou
pawòl mwen, nou pa bezwen pè soumèt nou devan moun
Babilòn yo. Rete nan peyi a. Sèvi wa Babilòn lan. Tout
bagay va mache byen pou nou. 10 Mwen menm, m'ap
rete isit lavil Mispa. Konsa, m'a pale pou nou ak moun
Babilòn yo lè y'a vini. Nou menm, nou mèt al fè rekòt
rezen, lòt fwi ak lwil. Mete yo nan depo. Nou mèt rete
nan lavil kote n'a ye yo. 11 Konsa tou, tout jwif ki te nan
peyi Moab, nan peyi Amon, nan peyi Edon ak nan tout lòt
peyi vin konnen wa Babilòn lan te penmèt kèk jwif rete
nan peyi Jida, li te mete Gedalya, pitit Akikam, pitit pitit
Chafan, chèf sou yo tout. 12 Yo kite peyi kote yo te gaye
yo, yo tounen nan peyi Jida, yo vin jwenn Gedalya lavil

Mispa. Yo fè yon bèl rekòt rezen ak lòt fwi an kantite. **13** Yon jou, Jokanan, pitit Karejak, ansanm ak tout lòt chèf lame ki te andeyò yo vin jwenn Gedalya lavil Mispa. **14** Yo di l' konsa: -Ou pa konnen Baalis, wa peyi Amon an, voye Izmayèl, pitit Netanya a, pou touye ou? Men Gedalya pa t' vle kwè yo. **15** Lè sa a, Jokanan al jwenn Gedalya an kachèt lavil Mispa, li di l' konsa: -Eske ou vle m' al touye Izmayèl pou ou? Pesonn p'ap konn anyen. Poukisa pou ou kite l' ansasinen ou? Si li touye ou, sa pral lakòz tout jwif ki te sanble bò kote ou yo pral gaye ankò. Sa pral lakòz ti ponyen moun ki rete nan peyi Jida a rive disparèt. **16** Men, Gedalya reponn: -Pa fè sa, monchè! Sa w'ap di sou Izmayèl la pa vre!

41 Nan setyèm mwa a, Izmayèl, pitit Netanya, pitit pitit Elichama, rive Mispa ansanm ak dis lòt moun pou li vin wè Gedalya, pitit Akikam. Izmayèl te yon ti fanmi wa a. Se te yon gwo chèf nan gouvènman wa a. Pandan yo chita konsa sou tab ap manje lakay Gedalya, **2** Izmayèl leve ansanm ak dis moun li yo, yo rale nepe yo, yo touye Gedalya, nonm wa Babilòn lan te mete pou gouvènen peyi a. **3** Apre sa, yo touye tout gason jwif ki te lavil Mispa avèk Gedalya. Yo touye tout sòlda moun Babilòn ki te la tou. **4** Yo te fin ansasinen Gedalya a depi de jou, nouvèl la pa t' ankò gaye. **5** Se konsa katreven gason ki te soti lavil Sichèm, lavil Silo ak lavil Samari vin rive. Yo te koupe tout bab nan figi yo, yo te gen rad chire sou yo, tout kò yo te plen mak kouto. Yo te pote grenn jaden ak lansan pou ofri nan tanp Jerizalèm lan. **6** Izmayèl kite Mispa, li soti al kontre yo, de ran dlo nan je l'. Lè li rive sou yo li di konsa: -Vini non, ann al kay Gedalya! **7** Men rive yo rive nan mitan lavil Mispa, Izmayèl ansanm ak mesye l' yo touye yo, lèfini yo lage kadav yo nan yon sitèn. **8** Men gen dis nan moun sa yo ki te di Izmayèl konsa: -Pa touye nou paske nou gen pwovizyon kache nan jaden nou yo, ble, lòj, lwil ak siwo myèl. Se konsa Izmayèl pa t' touye sa yo ansanm ak lòt yo. **9** Sitèn kote Izmayèl te jete kadav moun li te touye yo, se gwo sitèn wa Asa te fè fouye lè Basa, wa peyi Izrayèl la, te vin atake l' la. Se sitèn sa a Izmayèl te plen ak kadav yo. **10** Apre sa, Izmayèl mache pran tout pitit fi wa a ansanm ak tout rès moun ki te lavil Mispa, moun Neboucharadan, chèf lagad la, te kite sou kont Gedalya. Li fè yo prizonye. Li pati ak yo, li pran direksyon peyi moun Amon yo. **11** Jokanan, pitit Karejak la, ansanm ak lòt chèf lame ki te avè l' yo vin konnen tout mechanste Izmayèl, pitit Netanya a, te fè. **12** Yo pran tout sòlda yo, yo pati dèyè l'. Yo jwenn li bò gwo letan Gabawon an. **13** Lè moun Izmayèl te fè prizonye yo wè Jokanan avèk chèf lame ki avè l' yo, yo te kontan. **14** Lè sa a, tout moun Izmayèl te fè prizonye lavil Mispa yo kase tèt tounen, yo kouri vin jwenn Jokanan. **15** Izmayèl menm ansanm ak wit nan moun pa l' yo kouri pou Jokanan, yo chape kò yo nan peyi Amon an. **16** Apre sa, Jokanan ak chèf lame ki te avè l' yo pran sou kont yo tout moun Izmayèl te fè prizonye lavil Mispa apre li menm Izmayèl te fin touye Gedalya a. Jokanan pran avè l' gason yo, ki vle di sòlda yo, fanm yo, timoun yo, moun konfyans yo, tout moun li te jwenn lavil Gabawon. **17** Yo fè yon ti rete nan lotèl Kimean an, toupre lavil Betleyèm. Yo te fè lide desann peyi Lejip **18** paske yo te pè moun Babilòn yo, depi Izmayèl te fin touye Gedalya, moun wa Babilòn lan te mete pou gouvènen peyi a.

42 Lè sa a, tout chèf lame yo ansanm ak Jokanan, pitit Kareja a, ak Jezanya, pitit Ochaya a ak tout moun yo, gran kou piti, y' al bò kot pwofèt Jeremi, **2** yo di l' konsa: -Tanpri, fè sa n'ap mande ou la a. Lapriyè Seyè a, Bondye ou la, pou nou. Lapriyè pou ti rès moun ki chape yo. Paske, jan ou ka wè l' la, nou te anpil, koulye a se yon ti ponyen moun nou ye. **3** Mande Seyè a, Bondye ou la, pou l' fè nou konnen ki chimen pou n' pran, kisa pou n' fè. **4** Jeremi reponn yo: -Dakò. Mwen pral lapriyè Seyè a, Bondye nou an, jan nou mande m' lan. Apre sa, m'a fè nou konnen repons Seyè a ban nou. Mwen p'ap kache nou anyen. **5** Yo di Jeremi konsa: -Si nou pa fè tou sa Seyè a, Bondye ou la, va di ou pou nou fè, se pou Seyè a kanpe pou l' akize nou. Lè sa a, l'a gen rezon l' nan pla men l'. **6** Se nou menm ki mande ou pou lapriyè Seyè a pou nou. Kit sa fè nou plezi, kit sa pa fè nou plezi, se pou nou koute sa Seyè a, Bondye nou an, va di nou. Konsa, tout bagay va mache byen pou nou, si nou koute l'. **7** Dis jou apre, Seyè a bay Jeremi repons lan. **8** Jeremi rele Jokanan, pitit Karejak la, ak tout lòt chèf lame ki te avè l' yo ansanm ak tout pèp la, gran kou piti. **9** Li di yo: -Nou te voye m' al lapriyè Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, pou m' te mande l' kichòy pou nou. Men repons li bay: **10** Si nou vle rete nan peyi sa a, m'ap mete nou kanpe ankò. Mwen p'ap kraze nou. M'ap fè nou pran rasin ankò, mwen p'ap dechouke nou. Paske malè mwen te voye sou nou an ban m' gwo lapenn. **11** Koulye a, nou pa bezwen tranble devan wa Babilòn lan. Nou pa bezwen pè l'. Se mwen menm, Seyè a, k'ap pale ak nou. Mwen la avèk nou pou sove nou, pou delivre nou anba men l'. **12** Paske mwen gen bon kè, m'a fè l' gen pitye pou nou, l'a kite nou tounen lakay nou. Se mwen menm Seyè a ki di sa. **13** Jeremi di yo ankò: -Si nou pa koute sa Seyè a, Bondye nou an, fè nou konnen, si nou di: Non, nou p'ap rete nan peyi a! **14** Non! Se nan peyi Lejip nou pral viv, kote nou p'ap wè lagè, kote nou p'ap tande twonpèt k'ap bay siyal lagè a, kote nou p'ap soufri grangou. Se la pou n' al viv. **15** Enben, nou menm ti ponyen moun ki rete nan moun Jida yo, koute byen sa Seyè a di nou: Men mesaj Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la bay: Si nou soti vre pou nou ale nan peyi Lejip, si nou desann nan peyi sa a pou nou rete, **16** enben, lagè k'ap fè nou pè a ap rive jwenn nou jouk laba nan peyi Lejip la. Grangou k'ap ban nou tout tèt chaje sa yo pral swiv nou jouk laba a. N'ap mouri nan peyi Lejip. **17** Tout moun ki soti vre pou y' ale nan peyi Lejip pou yo ka rete viv la pral mouri nan lagè, grangou pral touye yo, move maladi ap fini ak yo

nèt. Lè sa a, nou yonn p'ap chape anba malè m'ap voye
sou nou an. 18 Wi! Men mesaj Seyè ki gen tout pouvwa
a, Bondye pèp Izrayèl la, bay ankò: Menm jan mwen te
move anpil sou moun lavil Jerizalèm yo, se menm jan an
tou m'ap move anpil sou nou si nou desann peyi Lejip.
Konsa, moun va sezi wè nou, y'a vire tèt yo pou yo pa
gade nou. Y'a pase nou nan betiz, y'a sèvi ak non nou
pou bay madichon. Nou p'ap janm wè peyi sa a ankò. 19
Wi, men sa Seyè a voye fè nou konnen, nou menm ti
ponyen ki rete nan peyi Jida a. Piga nou desann nan peyi
Lejip. Mwen tou pale nou jòdi a. 20 Se pi gwo erè nou te
fè. Lè nou te mande m' al lapriyè Seyè a, Bondye nou
an, pou nou, nou te di m': Lapriyè li pou nou. W'a fè nou
konnen tou sa l'a di ou, epi n'a fè l'. 21 Jòdi a, mwen fè
nou konnen repons li, men nou pa vle koute anyen nan sa
li voye m' di nou an. 22 Enben, konn sa byen, nou pral
mouri nan lagè, grangou ap touye nou, move maladi ap
fini ak nou nan peyi kote nou vle al rete a.

43 Lè Jeremi fin di pèp la tou sa Seyè a, Bondye yo
a, te voye l' di yo, ki vle di tout pawòl ki ekri pi wo
a, 2 Azarya, pitit Ochaya a, Jokanan, pitit Kareyak la,
ansanm ak tout lòt mesye awogan yo di Jeremi konsa: -
Manti! Seyè a, Bondye nou an, pa kras voye ou di nou pa
desann al rete nan peyi Lejip. 3 Se Bawouk, pitit Nerija a,
k'ap moute tèt ou sou nou. Li ta renmen lage nou nan
men moun Babilòn yo pou yo touye nou, pou yo depòte
nou lavil Babilòn. 4 Se konsa, Jokanan, pitit Kareyak la,
lòt chèf lame yo ansanm ak tout rès pèp la derefize koute
pawòl Seyè a ki te di yo pou yo rete nan peyi Jida a. 5 Lè
sa a, Jokanan ak tout lòt chèf lame yo pran dènye moun
ki te rete nan peyi Jida a, yo pati. Yo mennen tout moun ki
te kite lòt peyi kote yo te gaye yo pou tounen vin viv nan
peyi Jida a, 6 fanm kou gason, tout timoun yo, tout pitit fi
wa a. Yo mennen tout moun Neboucharadan, chèf lagad
la, te kite avèk Gedalya, pitit Akikam, pitit pitit Chafan. Yo
pran pwofèt Jeremi ansanm ak Bawouk, pitit Nerija a,
avèk yo tou. 7 Yo pa koute lòd Seyè a, yo rive jouk lavil
Tapanès. 8 Antan yo te lavil Tapanès, Seyè a pale ak
Jeremi, li di l' konsa: 9 -Pran kèk gwo wòch, antere yo
nan mòtye pave ki devan pòt pou antre kay farawon an,
lavil Tapanès. W'a fè l' pou moun peyi Jida yo wè ou ap fè
l'. 10 Lèfini, w'a di yo: men mesaj Seyè ki gen pouvwa a,
Bondye pèp Izrayèl la, bay: Mwen pral voye chache sèvitè
m' lan, Nèbikadneza, wa Babilòn lan, mwen pral enstale
fotèy li a nan anplasman kote wòch yo antere isit la. Se la
l'a moute tant li a anwo yo. 11 Lè l'a rive, l'ap kraze peyi
Lejip. Moun ki pou mouri anba move maladi va mouri,
moun yo gen pou depòte yo, y'a depòte yo, moun pou l' fè
touye yo, l'a fè touye yo. 12 L'a mete dife nan kay tout
bondye moun peyi Lejip yo. L'ap boule bondye moun Lejip
yo osinon l'a pran yo, l'a pote yo ale avè l'. Menm jan
yon gadò mouton netwaye dènye vèmen ki nan rad li,
konsa tou wa a pral piye peyi Lejip la kite l' blanch. Lèfini,
l'ap vire do l' san pesonn pa di l' anyen. 13 L'ap kraze
tout gwo moniman wòch lavil Eliopolis nan peyi Lejip, l'ap
boule tout kay zidòl peyi Lejip yo.

44 Seyè a pale ak Jeremi, li ba li yon mesaj pou tout
moun Jida yo ki te rete nan peyi Lejip, lavil Migdòl,
lavil Tapanes, lavil Menmfis ak nan zòn lavil Patwòs. 2 -
Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl
la, voye di nou: Nou te wè tout malè mwen te fè tonbe
sou lavil Jerizalèm ak sou tout lòt lavil peyi Jida yo. Jouk
koulye a, se yon miray kraze yo ye. Pa gen yon grenn
moun ki te rete ladan yo. 3 Se paske moun ki te rete la yo
te fè sa ki mal, yo te fè m' fache anpil sou yo. Yo t' al ofri
lansan bay lòt bondye, yo t' al sèvi bondye ni yo menm, ni
papa yo, ni granpapa yo pa t' janm konnen. 4 Mwen pa
t' janm sispann voye sèvitè m' yo, pwofèt yo, pou di yo
manyè sispann fè vye bagay derespektan yo t'ap plede fè
a, bagay mwen pa ka wè devan je m'. 5 Men yo pa t'
koute m'. Pawòl la antre nan yon zòrèy li soti nan yon lòt.
Yo derefize chanje. Yo donnen pi mal nan fè mechanste
yo, nan ofri lansan bay bondye lòt nasyon yo. 6 Lè sa a,
mwen move, mwen fè kòlè. Mwen lage yon dife sou lavil
Jida yo ak nan tout lari lavil Jerizalèm. Se vye kay kraze
san pesonn ladan yo ki rete, jan nou ka wè sa jòdi a. 7
Enben, koulye a, mwen menm Seyè ki gen tout pouvwa a,
Bondye pèp Izrayèl la, m'ap mande nou: Poukisa n'ap fè
tèt nou mal konsa? Se vle nou pa vle kite pesonn, ni fanm
ni gason, ni timoun, ni ti bebe, nan pèp Jida a ankò? Nou
pa vle pesonn chape? 8 Nou deyò pou nou fè m' fache ak
sa n'ap fè a, lè n'ap ofri lansan bay bondye lòt nasyon yo,
isit la nan peyi Lejip kote nou vin viv la? Nou vle fini ak
tèt nou pou tout nasyon sou latè ka pase nou nan betiz,
pou yo pran non nou pou bay moun madichon? 9 Gen lè
nou bliye tout move zak nou tout, depi zansèt nou yo,
pran wa peyi Jida yo ak madanm yo rive sou nou menm
ansanm ak madanm pa nou yo, nou fè nan peyi Jida ak
nan lari Jerizalèm? 10 Jouk jòdi a nou yonn pa règrèt sa
nou te fè. Pesonn pa gen krentif pou mwen, pesonn pa
soti pou yo viv dapre lwa ak lòd mwen te mete devan
nou ak devan zansèt nou yo. 11 Se poutèt sa, men sa
mwen menm Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp
Izrayèl la mwen di: M'ap vire do ban nou, m'ap voye malè
sou nou, m'ap detwi tout peyi Jida a. 12 M'ap pran rès
moun Jida yo, sa ki te pran desizyon desann al viv nan
peyi Lejip la, yo tout pral mouri. Yo tout, gran kou piti,
y'ap mouri nan peyi Lejip. Genyen k'ap mouri nan lagè,
genyen k'ap mouri grangou. Moun va sezi wè yo, y'a vire
tèt yo pou yo pa gade yo, y'a sèvi ak non yo pou bay
madichon, y'a pase yo nan betiz. 13 M'ap pini tout moun
Jida k'ap viv nan peyi Lejip la ak lagè, grangou ak move
maladi, menm jan mwen te pini moun lavil Jerizalèm yo.
14 Nan ti rès moun Jida ki rete yo, sa ki te desann al viv
nan peyi Lejip la, yo yonn p'ap kouri chape, yo yonn p'ap
sove. Kanta pou tounen al viv nan peyi Jida a ankò, jan
yo ta vle l' la, yo pa ladan l'. Yo yonn pa t' tounen, an
wetan de twa ki va kouri chape kò yo. 15 Lè sa a, tout
mesye ki te konnen madanm yo te nan ofri lansan bay lòt

bondye yo, tout medam ki te reyini la yo, ansanm ak tout
lòt moun pèp Izrayèl la ki t'ap viv depi lontan nan peyi
Lejip nan zòn Patwòs la, yo tout yo reponn Jeremi: **16** -
Nou p'ap koute pawòl w'ap di nou la a, atout ou pale nan
non Seyè a. **17** N'ap toujou fè sa nou te pwomèt fè a.
N'ap ofri lansan ak diven bay Astate, larenn syèl la, jan
nou te toujou fè l' jouk jòdi a, menm jan zansèt nou yo, wa
nou yo ak chèf nou yo te konn fè l' nan lavil peyi Jida
yo ak nan tout lari Jerizalèm. Lè sa a, nou te gen kont
manje pou n' manje, tout zafè nou te mache byen. Nou pa
t' gen pwoblèm. **18** Men, depi nou sispann ofri lansan
ak diven bay larenn syèl la, nou pa gen anyen. Lagè ak
grangou ap fini ak nou. **19** Medam yo menm poutèt pa yo
di: -Lè n'ap fè gato ki gen fòm larenn syèl la, lè n'ap ofri
lansan ak diven pou li, mari nou toujou dakò ak sa n'ap fè.
20 Lè sa a, Jeremi pale ak tout moun sa yo, fanm kou
gason, ki te fè l' repons sa yo, li di yo konsa: **21** -Wi, nou
menm, zansèt nou yo, wa nou yo, chèf nou yo ak tout lòt
moun pèp Izrayèl yo te boule lansan nan tout lavil peyi
Jida ak nan tout lari Jerizalèm. Men, pa konprann Seyè a
pa t' konn sa, osinon li bliye sa. **22** Non. Seyè a pa t' ka
sipòte move lajisman ak eskandal nou yo ankò. Se poutèt
sa, jòdi a peyi a fini. Li kraze nèt san pesonn ladan l'.
Tout moun sèvi ak non li pou bay madichon, jan nou wè l'
jòdi a. **23** Se paske nou te ofri lansan bay lòt bondye,
se paske nou fè peche kont Seyè a, se paske nou pa t'
koute sa li t'ap di nou, se paske nou pa t' mache dapre
lwa li te ban nou, dapre lòd ak kòmandman li yo kifè malè
sa a tonbe sou nou jòdi a. **24** Apre sa, Jeremi pale ak
tout pèp la, sitou ak medam yo. Li di yo konsa: -Nou tout
moun peyi Jida ki isit nan peyi Lejip la, koute mesaj Seyè
a. **25** Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp
Izrayèl la, di nou. Se nou menm ak tout madanm nou yo
ki di ak pwòp bouch nou n'ap kenbe angajman nou te
pran ak larenn syèl la, n'ap toujou ofri lansan ak diven
ba li. Lèfini, se sa nou fè vre. Enben, kenbe angajman
nou yo, fè sa nou te pwomèt la. **26** Men koulye a, koute
sa m'ap di nou, nou menm moun Jida yo k'ap viv nan
peyi Lejip la. Se mwen menm Seyè a k'ap pale, mwen
fè sèman sou tèt mwen: nan tout peyi Lejip la p'ap gen
pesonn nan moun Jida yo ki pou pran non mwen pou fè
sèman, pou yo di: Nan non Seyè a, Bondye vivan an! **27**
M'ap veye pou se malè ase ki pou rive nou. Mwen p'ap
voye ankenn bon bagay ban nou. Wi, dènye moun Jida
k'ap viv nan peyi Lejip la pral disparèt, kit se nan lagè, kit
se nan grangou, jouk p'ap rete yonn ankò. **28** Gen yon ti
ponyen moun ase ki va chape nan lagè a. Y'a kite peyi
Lejip, y'a tounen nan peyi jida. Lè sa a, ti rès ki va rete
nan moun pèp Jida ki te desann al viv nan peyi Lejip la va
wè kilès ki te gen rezon, nou menm osinon mwen menm.
29 Se mwen menm Seyè a ki di sa: m'ap ban nou yon siy,
m'ap pini nou isit la menm. Konsa, n'a konnen malè mwen
te pwomèt m'ap voye sou nou an rive vre. **30** Se mwen
menm Seyè a ki di sa. Mwen pral lage farawon Ofra, wa
peyi Lejip la, nan men lènmi ki soti pou touye l' yo, menm
jan mwen te lage Sedesyas, wa peyi Jida a, nan men
Nèbikadneza, wa peyi Babilòn, lènmi ki te soti pou touye l'
la tou.

45 Yon lè, antan Bawouk, pitit Nerija a, t'ap kouche
sou papye mesaj pwofèt Jeremi t'ap repete pou li
yo, Jeremi ba li yon mesaj pou li menm menm. Lè sa
a, Jojakim, pitit Jozyas, te sou katriyèm lanne depi li te
wa nan peyi Jida. Jeremi di Bawouk konsa: **2** -Seyè a,
Bondye pèp Izrayèl la, bay yon mesaj sou ou, Bawouk. **3**
Ou te di: Ala devenn pou mwen! Seyè a mete lafliksyon
sou traka m' te genyen deja. Mwen bouke plenn, mwen
pa jwenn yon ti soulajman menm! **4** Enben, men mesaj
Seyè a ban mwen pou ou: Se mwen menm Seyè k'ap
demoli tou sa mwen te bati. m'ap derasinen tou sa mwen
te plante. M'ap fè sa toupatou sou latè! **5** Epi ou menm,
w'ap mande pou yo fè pa ou, w'ap mande yon soulajman
pou tèt ou ase? Pa mande anyen. M'ap voye malè a sou
tout moun sou latè. Se mwen menm Seyè a ki di sa. Men
ou menm, ou mèt ale kote ou vle, ou p'ap mouri, w'ap
sove lavi ou!

46 Men mesaj Seyè a bay pwofèt Jeremi sou lòt
nasyon yo: **2** Mesaj sou peyi Lejip. Men sa li di sou
lame farawon Neko, wa peyi Lejip ki te lavil Kakemich, bò
larivyè Lefrat. Se lame sa a Nèbikadneza, wa Babilòn lan,
te bat byen bat. Lè sa a, Jojakim, pitit Ozyas la, te gen
katran depi li te wa nan peyi Jida. **3** Ofisye lame Lejip la
ap bay lòd: -Pare plak pwotèj yo, gwo kou piti, pou pare
kou! Annavan pou batay la! **4** Sele chwal yo. Kavalye,
moute sou yo. Mete nou an ran, kas nou nan tèt nou. File
pwent frenn nou yo. Mete rad an fè pou fè lagè nou sou
nou. **5** Seyè a ap mande: -Kisa nou wè la a? Yo pè, y'ap
kouri tounen, yo kraze vanyan sòlda yo anba kou! Y'ap
kouri met deyò san gad dèyè. Toupatou tout moun pè. **6**
Sa ki kouri yo p'ap sove, vanyan sòlda yo p'ap chape. Nan
nò, bò larivyè Lefrat la, yo bite, yo tonbe. **7** Kilès sa a k'ap
vini tankou dlo nan larivyè Nil k'ap desann, tankou yon
rivyè k'ap anvayi toupatou? **8** Se peyi Lejip k'ap gonfle
kò l' konsa, tankou dlo larivyè Nil, tankou yon rivyè k'ap
anvayi toupatou. Lejip te di: M'ap gonfle, m'ap kouvri tout
latè. M'ap kraze tout lavil yo ansanm ak tout moun ki rete
ladan yo. **9** Bay chwal yo lòd pou yo ale. Bay cha lagè yo
lòd pou yo woule. Voye sòlda yo al goumen: moun peyi
Soudan ak moun peyi Liban yo ak plak pwotèj yo sou bra
yo, ansanm ak moun peyi Lidi yo ki gen ladrès pou sèvi
ak banza. **10** Paske, sa se jou Seyè ki gen tout pouvwa a.
Se jou revanj li. Li pral tire revanj li sou lènmi l' yo. Nepe li
pral touye yo jouk li pa kapab ankò. Li pral bwè san yo
jouk vant li plen. Se jou y'ap touye bèt yo ofri pou Seyè a,
Bondye ki gen tout pouvwa a, nan nò, bò larivyè Lefrat.
11 Nou menm moun peyi Lejip, moute nan peyi Galarad,
al chache renmèd! Tout renmèd nou yo p'ap fè anyen pou
nou. Pa gen geri pou nou. **12** Moun lòt nasyon yo pran
nouvèl gwo wont ki rive nou an. Toupatou sou latè yo
tande rèl nou. Vanyan sòlda yo ap bite yonn sou lòt, y'ap

tonbe atè ansanm. 13 Men mesaj Seyè a te bay pwofèt
Jeremi lè Nèbikadneza, wa Babilòn lan, te vin atake peyi
Lejip la: 14 -Fè piblikasyon nan tout peyi Lejip la. Fè tout
moun lavil Migdòl, lavil Menmfis ak lavil Tapanès konnen.
Di yo: Leve non, pare pou defann nou. Lagè fin detwi tou
sa ki bò kote nou. 15 Poukisa Apis, towo bèf ki bondye
nou an, kouri met deyò? Poukisa towo bèf nou an pa
kenbe tèt? Se Seyè a ki lage l' atè! 16 Li fè sòlda yo bite,
yo tonbe yonn sou lòt. Yonn ap di lòt: Leve non! Ann
tounen lakay nou, nan peyi nou! Ann chape anba nepe
lènmi yo! 17 Yo bay farawon an, wa Lejip la, yon lòt non.
Yo rele l': Paladò. Li kite lè a pase! 18 Mwen menm Seyè
ki gen tout pouvwa a, se mwen ki wa. Men sa m' di: Se
mwen ki Bondye vivan an. Moun k'ap vini pou atake nou
an ap tankou mòn Tabò ki nan mitan lòt mòn yo, tankou
mòn Kamèl ki kanpe byen wo nan lanmè a. 19 Nou menm
moun peyi Lejip, mare pakèt nou pou yo depòte nou! Lavil
Menmfis pral tounen yon dezè, yon bann miray kraze, san
pesonn ladan l'. 20 Peyi Lejip te tankou yon bèl gazèl.
Men, yon tanwouan soti nan nò vin atake l'. 21 Peyi Lejip
te pran yon bann moun lòt nasyon sèvi sòlda nan lame li.
Men, yo te gra tankou towo chatre ki nan manje. Yo menm
tou yo pa kanpe goumen. Yo vire do yo, yo tout kouri met
deyò, lè jou malè yo rive sou yo, lè jou chatiman yo a
tonbe sou yo. 22 Peyi Lejip ap tankou koulèv k'ap kouri
pou moun, l'ap kouri ale lè lame lènmi l' yo ap pwoche.
Y'ap atake l' ak rach tankou moun k'ap koupe pyebwa. 23
Yo mete tout gwo rakbwa yo atè, rakbwa kote moun pa t'
ka antre a. Lènmi yo anpil, ou pa ka konte yo. Sòlda yo pi
plis pase yon lame krikèt. Se Seyè a menm ki di sa. 24
Moun Lejip yo wont, pèp ki soti nan nò a kraze yo. 25
Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl
la, di ankò: -Mwen pral pini Amon, bondye lavil Tèb la.
Mwen pral pini farawon an, pèp peyi Lejip la, ak tout chèf
li yo ak tout bondye l' yo. Wi, mwen pral pini farawon an
ansanm ak tout moun ki te mete konfyans yo nan li. 26
M'ap lage yo nan men moun ki soti pou touye yo a, nan
men Nèbikadneza, wa Babilòn lan, ak lame moun pa l' yo.
Men, apre sa, moun va rete nan peyi Lejip la tankou nan
tan lontan. Se mwen menm Seyè a ki di sa. 27 Nou pa
bezwen pè, nou menm pitit Jakòb, sèvitè mwen an. Nou
pa bezwen tranble, nou menm moun pèp Izrayèl yo. M'ap
vin delivre nou nan peyi lwen sa yo. M'ap vin sove pitit
nou yo nan peyi kote yo te depòte nou an. N'ap tounen
lakay nou pou nou viv ak kè poze, san pesonn pa chache
nou kont ankò. 28 Nou menm pitit Jakòb, sèvitè mwen an,
nou pa bezwen pè. M'ap vin jwenn nou, m'ap sove nou.
Se Seyè a menm ki di sa. M'ap disparèt tout nasyon kote
mwen te gaye nou yo. Nou menm, mwen p'ap detwi nou.
Men, pou pini se pou m' pini nou, jan sa dwe fèt. Mwen
p'ap kite anyen pou nou.

47 Men mesaj Seyè a te bay pwofèt Jeremi sou peyi
Filisti a, anvan farawon an t' al atake Gaza. 2 Seyè
a di konsa: -Gade! Bò nan nò, dlo yo ap gonfle, y'ap fè
yon gwo lavalas k'ap desann, y'ap anvayi peyi a, y'ap
kouvri tou sa ki ladan l'. Y'ap anvayi lavil yo ak tout moun
ladan yo. Moun ap rele, y'ap plenn. Tout moun nan peyi a
nan gwo lapenn. 3 Lè y'a tande bri zago chwal yo ap
frape tè a, bri cha lagè yo k'ap kouri vini ak bri wou yo k'ap
woule atè a, papa p'ap ka fè anyen pou pitit yo, tèlman y'a
dekouraje. 4 Lè a rive pou yo ravaje tout peyi Filisti a nèt,
pou yo disparèt tout rès moun ki t'ap bay lavil Tir ak lavil
Sidon konkou. Se mwen menm Seyè a k'ap detwi tout
moun Filisti yo, tout moun ki soti nan lil Krèt la. 5 Moun
Gaza yo nan gwo lapenn, yo kale tèt yo. Moun Askalon
yo pa ka pale. Kilè rès moun nan fon Filisti a va sispann
kòche kò yo ak kouto pou plenn sò mò yo? 6 Adye! Kilè
nepe Seyè a va sispann touye moun? Tounen nan djenn
ou! Rete tou dousman, poze kò ou la! 7 Men, ki jan pou li
fè poze lè Seyè a ba li lòd travay? Li gen pou l' ale jouk
lavil Askalon dèyè moun ki rete bò lanmè a. Se la mwen
voye l' ale.

48 Men mesaj Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye
pèp Izrayèl la, bay sou peyi Moab la: -Ala malè pou
moun lavil Nebo yo! Yo ravaje lavil la nèt ale. Moun lavil
Kiryatayim yo wont! Lènmi anvayi lavil la, yo pran gwo fò
a, yo kraze l' ratè! 2 Peyi Moab la pèdi pouvwa li. Nan
lavil Esbon yo fè plan pou yo detwi Moab. Yo di: Ann
ale, ann disparèt peyi a sou latè! Yo fè lavil Madmèn pe
bouch li. Yon gwo lame ap mache pran l'! 3 Moun lavil
Owonayim yo ap rele: Men y'ap ravaje nou! Y'ap fè malè
sou nou! 4 Yo kraze peyi Moab. Tout pitit li yo ap rele! 5
Se dlo nan je y'ap moute lavil Loukit. Sou tout wout pou
desann Owonayim, se gwo rèl pou malè ki rive yo! 6 Y'ap
rele: Kouri non, sove lavi nou! Al kache tankou bourik
mawon nan dezè a. 7 Ou te mete konfyans ou nan fòs ou
ak nan richès ou yo! Ou menm tou, lènmi ap anvayi ou!
Y'ap depòte Kemòch, bondye ou la, ansanm ak tout pè li
yo ak tout chèf li yo. 8 Malè pral tonbe sou tout lavil nou
yo. Yo yonn p'ap chape anba l'. L'ap fini ak sa ki nan fon
yo. L'ap ravaje sa ki sou platon yo. Se Seyè a menm ki di
sa. 9 Pare yon mab pou mete sou tonm Moab. Talè konsa
yo pral detwi l' nèt. Tout lavil peyi Moab yo fin kraze. P'ap
gen yon moun rete la ankò. 10 Madichon pou moun ki
pote neglijans nan fè travay Seyè a! Madichon pou moun
ki derefize touye nan lagè a! 11 Peyi Moab te toujou viv
san ankenn danje depi tout tan. Yo pa janm depòte moun
li yo. Li te tankou diven yo kite poze nan barik, san yo pa
janm vide l' sot nan yon veso mete l' nan yon lòt. Se konsa
li pa janm pèdi gou l'. Li pa janm vante. 12 Men lè a rive
koulye a, se Seyè a menm ki di sa. Mwen pral voye moun
pou yo vide peyi Moab la tankou diven. Yo pral devide
veso yo. Yo pral kraze barik yo an miyèt moso. 13 Moun
peyi Moab yo pral wont Kemòch, bondye yo a, menm jan
moun fanmi Izrayèl yo te wont bondye lavil Betèl ki te tout
konfyans yo a. 14 Ki jan nou ka fè di: Nou se vanyan
gason, sòlda brave danje ki konn fè lagè? 15 Yo fini ak
peyi Moab. Yo anvayi tout lavil li yo. Yo ansasinen tout
jenn gason ki pi bon lakay li yo. Se mwen menm Wa a,
mwen menm yo rele Seyè ki gen tout pouvwa a, ki di sa.

16 Jou pou yo fini ak Moab la ap pwoche. Malè ki pral
tonbe sou Moab la pa lwen rive. 17 Nou menm, vwazen l'
yo, plenn sò li! Nou tout ki te konnen jan l' te ye a, nou
mèt di: Gade jan yo kraze gwo pouvwa li a! Bèl baton
kòmandman ki te nan men l' lan disparèt. 18 Nou menm
k'ap viv lavil Dibon, desann sou bèl fotèy premye klas
nou an. Mete dèyè nou atè nan pousyè a. Paske moun ki
te fini ak Moab la ap vin pou nou. L'ap kraze tout gwo
fò nou yo. 19 Nou menm k'ap viv lavil Awoyè. Rete sou
bò wout la tann. Mande moun k'ap kouri met deyò yo sa
ki pase. 20 Y'a reponn ou: Peyi Moab tonbe! Plenn sò
li, pete rèl pou li: Yo fè l' wont! Fè tout moun ki rete bò
ravin Anon an konnen yo ravaje peyi Moab la. 21 Jou
jijman an rive pou lavil yo ki sou platon an: Olon, Jasa ak
Mefat, 22 Didon, Nebo ak Bèt-Diblatayim, 23 Kiryatayim,
Bèt-Gamoul, Bèt Meyon, 24 Keriyòt, Bozra. Jijman rive
sou tout lavil peyi Moab yo, kit sa ki toupre, kit sa ki byen
lwen. 25 Yo kraze lògèy moun Moab yo. Yo kraze kouraj
yo. Se mwen menm Seyè a ki pale. 26 Seyè a di ankò: -
Fè lavil Moab sou, paske li te kenbe tèt avè m'. Se pou
Moab woule nan vonmi l'. Li menm tou, se pou yo pase l'
nan rizib. 27 Chonje jan nou te konn ap pase pèp Izrayèl
la nan rizib. Eske nou te janm bare yo ap fè bann ak vòlò
kifè chak fwa n'ap pale sou yo, n'ap souke tèt nou, n'ap di
podjab pou yo? 28 Nou menm moun Moab, kite lavil nou
yo, al rete nan twou wòch. Fè tankou ranmye ki fè nich yo
nan twou bò falèz. 29 Moun Moab yo se moun ki gen
lògèy anpil. Nou te konnen jan moun sa yo te gen lògèy,
jan yo te awogan. Yo te kwè wa pa kouzen yo, y'ap gonfle
lestonmak yo sou moun. 30 Men mwen menm Seyè a,
mwen konnen yo te kwè twòp nan tèt yo. Bèl diskou yo
t'ap fè yo se te pawòl nan bouch. Tou sa y'ap fè pa vo
anyen. 31 Se konsa, m'ap plenn sò moun Moab yo, m'ap
rele pou tout peyi Moab yo, pou moun lavil Ki-Erès yo. 32
M'ap kriye pou moun lavil Sibma yo plis pase jan mwen te
kriye pou moun lavil Jazè yo. Lavil Sibma te tankou yon
gwo pye rezen. Branch li yo travèse lòt bò lanmè Mouri a,
yo rive jouk lavil Jazè. Men koulye a, yo ravaje tout rekòt
la, yo dechèpiye tout rezen nou te ranmase yo. 33 Pa
gen kè kontan ak fèt ankò nan jaden rezen peyi Moab
yo. Pa gen yon degout diven ankò nan barik yo. Pa gen
yon moun k'ap travay nan moulen pou fè diven. Nou pa
tande yon moun ap bay ankourajman. 34 Moun Esbon yo
ap rele. Yo tande rèl yo jouk lavil Elealè, jouk lavil Jaaz,
depi lavil Zoa jouk lavil Owonayim ak Eglat-Chelichya.
Ata ti dlo Nimrim lan gen pou l' cheche. 35 M'ap disparèt
moun lavil Moab yo. Se Seyè a menm ki di sa. M'ap touye
moun k'ap fè ofrann pou yo boule sou tèt mòn yo, moun
k'ap boule lansan pou bondye yo. 36 Se poutèt sa, kè
m' ap fè m' mal anpil pou moun Moab yo, pou moun Ki-
Erès yo. M'ap plenn sò yo tankou moun k'ap jwe fif nan
lantèman. Paske yo pèdi tou sa yo te genyen. 37 Yo tout,
yo kale tèt yo, yo koupe tout bab nan figi yo, yo kòche
tout men yo ak kouto, yo mare sak nan ren yo. 38 Sou
teras anwo tout kay peyi Moab yo, sou tout plas piblik, se
plenn moun yo ap plenn. Mwen kraze peyi Moab tankou
yon kannari pesonn pa bezwen ankò. Se mwen menm
Seyè a ki di sa. 39 Yo fini ak peyi Moab! Plenn sò li. Moab
pèdi pye, li wont. Tout nasyon ki nan vwazinaj li yo ap
pase l' nan rizib, yo tout sezi wè sa ki rive l'. 40 Men sa
Seyè a di ankò: -Tankou yon malfini, yon lènmi ap plane
ak zèl li yo gran louvri sou Moab. 41 Li pran tout lavil
yo, li mete men sou tout fò yo. Jou sa a, vanyan sòlda
lame Moab yo te pè tankou yon fanm ki gen tranche. 42
Y'ap fini ak peyi Moab la, y'ap touye dènye moun ladan
l', paske li te kenbe tèt ak Seyè a. 43 Nou menm moun
Moab yo, yo pral ban nou sezisman, y'ap fouye twou pou
nou tonbe, y'ap pare pèlen pou nou. Se Seyè a menm ki
di sa. 44 Moun k'ap kouri pou sezisman pa pran yo pral
tonbe nan twou. Lè y'a kouri soti nan twou a, y'ap pran
nan pèlen. Paske dat Seyè a te fikse pou li pini Moab
la rive sou li. Se Seyè a menm ki di sa. 45 Moun k'ap
kouri met deyò yo rive Esbon tou bouke. Y'ap chache
pwoteksyon lavil Esbon, lavil kote wa Siyon t'ap gouvènen
an: men yo jwenn li ap boule. Dife a gaye, li rive jouk sou
fwontyè a, li moute rive jouk sou tèt mòn lwijanboje yo. 46
Sa fè lapenn pou moun Moab yo! Tout moun ki t'ap sèvi
Kèmòch yo fini. Yo pran pitit gason ak pitit fi yo, yo fè yo
prizonye, yo depòte yo. 47 Men nan jou k'ap vin apre yo,
m'ap mete peyi Moab la kanpe ankò. Se mwen menm,
Seyè a, ki di sa. Se tou sa ki pral rive moun Moab yo.

49 Men sa Seyè a di sou moun peyi Amon yo: -Gen
lè pa gen gason ankò nan peyi Izrayèl la? Pa gen
moun pou defann tè zansèt yo a? Poukisa yo kite se
moun k'ap sèvi Milkòm yo ki pran pòsyon tè fanmi Gad la
pou yo? Poukisa se moun Amon yo ki rete nan lavil yo? 2
Se sa ki fè men jou a ap rive. Se mwen menm Seyè a
k'ap pale la a. Mwen pral fè moun ki rete Raba, kapital
peyi Amon an, tande bri lagè. Lavil la pral tounen yon
pil wòch. Yo pral boule ti bouk li yo ratè. Lè sa a, moun
pèp Izrayèl yo va reprann tè ki te pou yo a. 3 Nou menm
moun lavil Esbon, plenn sò nou! Lavil Ayi fini! Medam
lavil Raba yo, mare ren nou! Mete rad sak sou nou! Rele!
Pran lari pou nou! Y'ap depòte Milkòm, bondye nou an,
ansanm ak tout pè li yo ak tout chèf li yo! 4 Poukisa n'ap
fè grandizè konsa? Jan nou te kontan fon nou yo! Men
fon yo tonbe. Bann moun tèt di, nou te mete konfyans nou
nan richès nou. Nou t'ap di: Pa gen moun ki ka penmèt yo
atake nou! 5 Mwen pral fè yon sèl laperèz pran nou. Se
mwen menm sèl mèt la, Seyè ki gen tout pouvwa a, ki di
sa. Mwen pral fè tout vwazen nou yo fè nou tranble. Yo
pral gaye nou. Chak moun pral kouri ale sou bò pa yo.
P'ap gen pesonn pou fè yo sanble ankò. 6 Men apre sa,
m'ap mete peyi Amon an kanpe ankò. Se mwen menm
Seyè a ki di sa. 7 Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di
sou peyi Edon: -Pa gen moun ki gen bon konprann ankò
lavil Teman an? Moun lespri yo pa konn sa pou yo di. Yo
pèdi tout konprann yo! 8 Nou menm moun lavil Dedan,
vire do nou, kouri ale! Fè twou pou kache kò nou! Mwen
pral fini ak moun Ezaou yo, paske lè pou m' regle ak yo a

rive. 9 Lè moun ap ranmase rekòt rezen, yo toujou kite
dèyè pou moun k'ap vin grapiye yo. Lè vòlò antre lakay
moun lannwit, yo annik pran sa yo bezwen. 10 Men mwen
menm, mwen pral kite moun Ezaou yo toutouni. Mwen
pral fè moun konnen tout kachèt li yo. Konsa, nanpwen
kache pou yo ankò. Tout ras moun Edon yo, tout fanmi yo
ak tout moun nan vwazinaj yo pral disparèt. 11 Pa gen
pesonn k'ap rete pou di: Kite timoun ki san papa yo avè
m'. M'a okipe yo. Vèv nou yo mèt konte sou mwen. 12
Men sa Seyè a di ankò: -Ata moun ki pa merite pou m'
pini yo pral gen pou yo bwè gode chatiman an nèt ale. Se
nou menm atò pou yo pa ta pini! Non. Yo p'ap pini nou?
Se pou nou bwè nan gode chatiman an tou. 13 Se mwen
menm, Seyè a, k'ap pale: Mwen fè sèman sou tèt mwen,
m'ap fè lavil Bozra tounen yon dezè, yon pil vye mazi.
Moun ap pase l' nan betiz, y'ap sèvi ak non l' pou bay
madichon. Tout ti bouk nan vwazinaj li yo pral tounen yon
pil vye mazi pou tout tan. 14 Jeremi di ankò: -Mwen te
tande mesaj Seyè a bay la. Li te voye mesaje nan tout
nasyon yo pou di yo sanble tout lame yo pou yo mache
pran Edon, pou y' al goumen avè l'. 15 Seyè a pral fè peyi
a vin tou fèb nan mitan nasyon yo. Pesonn p'ap respekte
nou. 16 Se awogans ou ki fè ou pèdi tèt ou. Pa gen moun
ki pè ou jan ou kwè l' la. Ou rete sou tèt gwo wòch yo,
byen wo nan mòn yo. Ou te mèt bati kay ou byen wo
tankou nich malfini, m'ap fè ou desann. Se Seyè a menm
ki di sa. 17 Seyè a di ankò: Se konsa peyi Edon an pral
tounen yon dezè k'ap bay gwo lapenn. Tout moun k'ap
pase bò la pral pran sezisman, y'ap pè. 18 Gwo malè sa
ki te rive lavil Sodòm ak Gomò ansanm ak tout ti bouk nan
vwazinaj yo, se malè sa a k'ap rive Edon tou. P'ap gen
yon moun nan peyi a ankò. Pesonn p'ap rete la. Se mwen
menm Seyè a ki di sa. 19 Tankou yon lyon k'ap soti nan
rakbwa bò larivyè Jouden an pou l' ale kote bèt yo ye nan
savann yo, mwen menm Seyè a, m'ap vini, m'ap fè moun
yo kouri kite peyi a anvan yo bat je yo. Lè sa a, se moun
m'a chwazi a m'a mete pou gouvènen peyi a. Ki moun ki
tankou m'? Ki moun ki ka koresponn avè m'? Ki chèf ki ka
kenbe tèt avè m'? 20 Konsa, koute sa mwen soti pou m'
fè moun Edon yo, sa mwen fè lide fè moun lavil Teman
yo. Sèten, ata timoun yo, yo pral trennen pot ale. Yo pral
devaste tout peyi a devan je yo. 21 Lè peyi Edon an
tonbe, l'ap fè yon kokennchenn bri, latè ap tranble. Y'ap
tande rèl moun yo jouk bò lanmè Wozo yo. 22 Tankou
malfini k'ap plonje ak zèl li yo gran louvri, lènmi pral atake
Bozra. Jou sa yo, vanyan sòlda peyi Edon yo pral pè
tankou fanm ki gen tranche. 23 Men sa Seyè a di sou
peyi Damas la: -Moun lavil Amat ak moun lavil Apad yo
gen kè kase paske yo tande move nouvèl. Tankou lanmè,
yo boulvèse, yo pa ka rete an plas. 24 Moun Damas yo
fèb, yo kouri met deyò. Yo pè, yon sèl tranbleman pran
yo. Yo nan lapenn, yo gen kè kase tankou fanm ki gen
tranche. 25 Gade lavil tout moun te konnen an, lavil kote
tout moun te gen kè kontan an! Pa gen yon moun ladan l'.
26 Jou sa a, y'ap touye jenn gason nou yo nan tout lari.
Tout sòlda yo pral mouri. Se Seyè ki gen tout pouvwa a
menm ki di sa. 27 M'ap mete dife nan miray Damas yo.
Dife a ap boule palè wa Bennadad la. 28 Moun branch
fanmi Keda yo ak chèf lavil Azò yo te pèdi batay la devan
Nèbikadneza, wa Babilòn lan. Men mesaj Seyè a bay
sou yo: -Leve non! Ann mache pran Keda! Piye moun bò
solèy leve yo. 29 Pran tant yo, kabrit yo, mouton yo, rido
tant yo ansanm ak tout lòt bagay ki nan tant yo. Pran
chamo yo. Di byen fò nan zòrèy yo: Kote ou pase tout
moun pè. 30 Nou menm moun lavil Azò, kouri met deyò,
al kache kò nou nan twou! Se mwen menm Seyè a ki
di sa. Paske Nèbikadneza, wa Babilòn lan, fè lide pou l'
kraze nou. Li soti pou l' fini ak nou. 31 Men sa Seyè a di
ankò: Leve non! Ann al atake yon nasyon ki santi yo t' alèz
san ankenn danje sou tèt yo! Pa gen pòtay nan lavil yo, ni
ba fè pou fèmen yo. Yo la konsa san ankenn pwoteksyon.
32 Yo pral pran tout chamo yo, yo pral separe tout kabrit
ak mouton yo. Wi, m'ap gaye yo nan tout direksyon, bann
moun sa yo ki koupe cheve yo kout. Kote yo pase m'ap fè
malè tonbe sou yo. Se mwen menm Seyè a ki di sa. 33
M'ap fè zòn Azò a tounen yon dezè pou tout tan, kote bèt
nan bwa rete. Pesonn p'ap rete ladan l' ankò. Ankenn
moun p'ap viv la. 34 Men mesaj Seyè a te bay pwofèt
Jeremi sou peyi Elam. Lè sa a, Sedesyas te fèk moute wa
nan peyi Jida. 35 Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di: -
Mwen pral touye tout sòlda peyi Elam ki gen ladrès pou
sèvi ak banza yo. Se yo menm ki te fè tout fòs peyi a. 36
M'ap fè van leve nan tout direksyon pou soufle sou peyi
Elam lan. M'ap gaye yo nan tout direksyon sou latè. M'ap
mete tout moun li yo deyò. p'ap gen peyi sou latè kote ou
p'ap jwenn yo. 37 M'ap fè moun Elam yo tranble devan
lènmi yo, devan moun ki soti pou touye yo. M'ap fè gwo
kòlè, m'ap voye gwo malè sou yo, m'ap lage yon gwo
lame dèyè yo jouk m'a fini nèt ak yo. 38 M'ap disparèt wa
yo a ansanm ak tout lòt chèf yo. Se la m'ap mete fotèy
mwen an. Se mwen menm Seyè a ki di sa. 39 Men, nan
jou k'ap vini apre sa yo, m'ap mete peyi Elam lan kanpe
ankò. Se mwen menm Seyè a ki di sa.

50 Men mesaj Seyè a te mete nan bouch pwofèt
Jeremi sou lavil Babilòn ak sou tout moun peyi a:
2 -Bay tout nasyon yo nouvèl la. Fè yo konnen l'. Bay
siyal la, fè nouvèl la mache. Pa kenbe nouvèl la kache. Di
yo: Yo pran lavil Babilòn, yo fè bondye Babilòn lan wont.
Yo fini ak Madouk. Tout zidòl li yo wont. Yo kraze tout
vye bagay sa yo. 3 Paske yon nasyon ap soti nan nò,
l'ap mache pran peyi a, l'ap fè l' tounen yon dezè. p'ap
gen pesonn ladan l'. Bèt kou moun ap kouri met deyò. 4
Men sa Seyè a di ankò: -Jou sa yo, lè sa a, moun peyi
Izrayèl yo ak moun peyi Jida yo ap vini ansanm. Y'ap
mache, y'ap kriye, y'ap chache Seyè a, Bondye yo a.
5 Y'ap mande chemen pou y' al mòn Siyon, y'ap pran
chemen an ale. Yo pral siyen yon kontra ak Seyè a, yon
kontra k'ap la pou tout tan, yon kontra yo p'ap janm bliye.
6 Pèp mwen an te tankou mouton ki pèdi bann yo. Se
gadò yo ki te lage yo, kifè yo gaye nan mòn yo. Y'ap

mache pwonmennen nan tout mòn yo. Yo pèdi chemen
kay yo. **7** Tout moun ki jwenn yo sou wout yo tonbe sou
yo. Lè konsa lènmi yo di: Se pa fòt nou! Se yo menm ki fè
peche kont Seyè a ki te ka rann yo jistis, kont Seyè a ki te
tout espwa zansèt yo. **8** Nou menm pèp Izrayèl la, kouri
kite lavil Babilòn! Mete deyò nan peyi moun Kalde yo! Se
nou menm ki pou pati an premye kite peyi a. **9** Mwen pral
leve yon bann gwo nasyon bò nan nò, mwen pral fè yo
mache pran lavil Babilòn. Yo pral pran pozisyon pou yo
goumen avè l', yo pral kraze l'. Sòlda yo, se moun ki gen
anpil ladrès nan sèvi ak banza, yo pa janm manke sa y'ap
vize a. **10** Y'ap piye lavil Babilòn. Wi, tout moun k'ap piye
l' yo ap pran pot ale jouk yo pa konn kote pou yo mete
ankò. Se mwen menm Seyè a ki di sa. **11** Seyè a di ankò:
-Nou menm moun lavil Babilòn ki t' al piye pèp ki rele m'
pa m' lan, nou te kontan, nou t'ap fè fèt, nou t'ap sote
ponpe tankou ti gazèl lage nan savann, nou t'ap ranni
tankou jenn poulen. **12** Men, peyi nou an, lavil kote nou
moun lan, pral wont. Yo pral trennen yo nan labou. Nan
tout nasyon yo, Babilòn pral dèyè nèt. L'ap tounen yon
dezè, san dlo, san yon pyebwa. **13** Paske Seyè a pral
move sou li. p'ap gen pesonn rete nan lavil Babilòn lan.
Tout kay li yo ap tounen mazi. Tout moun k'ap pase bò la
pral sezi, y'a mete men nan tèt lè y'a wè tout sa ki rive
l'. **14** Nou menm ki sèvi ak banza, ranje kò nou, sènen
lavil Babilòn. Tire sou li! Voye tout flèch nou yo sou li,
paske li fè peche kont Seyè a. **15** Nou tout ki sènen l'
yo, rele byen fò, mache pran li! Lavil Babilòn rann tèt li.
Miray li yo tonbe, gwo poto l' yo atè. Se konsa m'ap tire
revanj mwen. Tire revanj nou sou li. Fè l' pase sa li te fè
nou pase a. **16** Pa kite pesonn pou plante jaden! Pa kite
pesonn pou ranmase lè sezon rekòt rive! Lè lagè a va
pete, tout moun lòt nasyon yo va chache chemen pa yo,
y'a kouri met deyò al lakay yo. **17** Seyè a di ankò: -Pèp
Izrayèl la te tankou mouton ki pèdi bann yo. Lyon gaye yo
nan tout raje. Premye moun ki mete men sou yo se te wa
peyi Lasiri a. Apre sa, se te Nèbikadneza, wa peyi Babilòn
lan, ki te kraze tout zo yo. **18** Se poutèt sa, men sa mwen
menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la,
men sa mwen di: Mwen pral regle wa Babilòn lan ansanm
ak tout peyi li a, menm jan mwen te regle wa peyi Lasiri
a. **19** Apre sa, m'ap fè pèp Izrayèl la tounen nan peyi l'.
Y'a manje tou sa k'ap pouse sou mòn Kamèl ak nan zòn
Bazan. Y'a manje plen vant yo tou sa y'a rekòlte sou mòn
Efrayim yo ak nan peyi Galarad. **20** Jou sa yo, lè sa a, yo
p'ap jwenn yon peche pou mete sou kont moun Izrayèl
yo, ni yon mechanste pou mete sou kont moun Jida yo,
paske m'ap padonnen tout moun m'a kite chape anba
lanmò. Se mwen menm Seyè a ki di sa. **21** Seyè a di
ankò: -Mache pran peyi moun Mira-Tayim yo! Atake moun
peyi Pekòd yo! Touye yo tout, fini ak yo nèt! Se pou nou fè
tou sa mwen menm mwen ban nou lòd fè a! **22** Nan tout
peyi a, se lagè k'ap fèt! Se kraze brize nèt ale! **23** Lavil
Babilòn te tankou yon gwo mato ki t'ap kraze tout moun
sou latè. Koulye a, mato a chape, li tonbe, li kraze. Yo
fini ak Babilòn. Yo fè l' tounen yon dezè san moun ladan
l' nan mitan tout nasyon yo! **24** Babilòn! Mwen te pare
yon pèlen pou ou! Ou tonbe ladan l' san ou pa konnen!
Yo jwenn ou, yo mete men sou ou, paske ou te soti pou
goumen avè m'. **25** Seyè a louvri depo zam li yo. Li fè
kòlè, li mete yo deyò, paske mwen menm, Seyè ki gen
tout pouvwa a, Bondye sèl Mèt la, mwen gen yon travay
pou m' fè ak moun Babilòn yo. **26** Soti toupatou sou latè,
vin atake l'! Louvri tout depo pwovizyon l' yo! Anpile tou
sa nou jwenn, boule tout pou Seyè a. Pa kite anyen! **27**
Touye tout sòlda li yo tankou bèf nan labatwa! Madichon
pou moun Babilòn yo! Jòdi a, lè chatiman yo a rive! **28**
Koute! Moun k'ap kouri chape kò yo, moun k'ap kouri kite
lavil Babilòn lan, ap moute sou mòn Siyon, y'ap fè konnen
jan Seyè a, Bondye nou an, ap tire revanj li pou sa moun
Babilòn yo fè tanp li a. **29** Voye chache tout moun ki konn
sèvi ak banza pou yo mache pran lavil Babilòn. Fè yo
sènen lavil la nèt, pou pesonn pa ka chape. Fè l' peye tou
sa li te fè. Fè l' pase tou sa li te fè lòt moun pase, paske li
te konprann pou l' te kenbe tèt ak Seyè a, Bondye pèp
Izrayèl la ki yon Bondye apa. **30** Se poutèt sa, yo pral
touye tout jenn gason l' yo nan tout lari. Jou sa a, yo pral
disparèt tout sòlda li yo. Se mwen menm, Seyè a, ki di sa.
31 Moun Babilòn, nou awogan twòp! Mwen leve dèyè nou!
Se mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye sèl
Mèt la, ki di sa. Jou pa ou la rive, lè pou m' pini ou lan rive
sou ou. **32** Peyi moun awogan sa yo pral tonbe. Pesonn
p'ap ka fè l' kanpe ankò. M'ap mete dife nan tout lavil
yo. Tout bagay alawonn pral boule. **33** Wi, men sa Seyè
a di ankò: Y'ap peze moun peyi Izrayèl yo ansanm ak
moun peyi Jida yo. Moun ki te depòte yo kenbe yo kout,
yo pa vle lage yo. **34** Men, moun k'ap vin delivre yo a fò
tou! Se Seyè ki gen tout pouvwa a. Se konsa li rele. L'ap
pran defans yo, l'ap fè tout lòt nasyon yo viv ak kè poze,
men l'ap bay moun lavil Babilòn yo kè sote. **35** Men sa
Seyè a di ankò: -Lanmò pou lavil Babilòn! Lanmò pou tout
moun ki rete ladan l'! Lanmò pou chèf li yo, pou moun
save l' yo! **36** Lanmò pou divinò li yo! Se yon bann egare
yo ye. Lanmò pou sòlda li yo! Y'ap tranble, yo pa konn
sa pou yo fè. **37** Lanmò pou chwal li yo! Kraze tout cha
lagè li yo. Lanmò pou tout moun lòt nasyon k'ap fè djòb
sòlda lakay yo! Se pou yo vin tankou fanm. Disparèt tout
richès li yo. Piye tout byen li yo. **38** Chechrès nan tout
peyi a. Se pou tout dlo rivyè yo cheche. Babilòn se yon
peyi zidòl, k'ap fè moun pèdi tèt yo. **39** Se poutèt sa, se
chat mawon ak vye bèt nan bwa ki pral rete nan peyi sa
a. Se la gwo zwazo otrich yo pral rete. P'ap janm gen
moun rete ladan l' ankò pou tout tan, jouk sa kaba. **40** Sa
pral tankou gwo malè Bondye te voye sou lavil Sodòm ak
lavil Gomò, malè ki te detwi yo ansanm ak tout ti bouk
nan vwazinaj yo. Pesonn p'ap rete la, p'ap gen yon moun
nan peyi a ankò. Se mwen menm Seyè a wi ki di sa. **41**
Moun ap soti nan yon peyi bò nan nò. Yon gwo pèp ak
anpil chèf vanyan soti byen lwen, y'ap pare pou fè lagè.
42 Yo pran banza ak frenn yo. Yo mechan anpil, se yon

bann san manman. Lè yo sou chwal yo, y'ap fè bri tankou
lanmè lè l' move. Yo pare lame yo pou yo vin fè lagè kont
Babilòn. 43 Wa Babilòn lan pran nouvèl la. Li santi de
bra l' kase. Li gen yon sèl kè sere, l'ap soufri tankou yon
fanm ki gen tranche. 44 Tankou yon lyon k'ap soti nan
rakbwa bò larivyè Jouden an pou l' ale kote bèt yo ye nan
savann yo, mwen menm Seyè a, m'ap vini. M'ap fè moun
yo kouri kite peyi a, anvan yo bat je yo. Lè sa a, se moun
m'a chwazi a m'a mete pou gouvènen peyi a. Ki moun ki
tankou m'? Ki moun ki ka koresponn avè m'? Ki chèf ki ka
kenbe tèt avè m'? 45 Konsa, koute sa mwen soti pou m'
fè moun lavil Babilòn yo, sa mwen fè lide fè moun peyi
Kalde yo: Sèten, ata timoun yo yo pral trennen pot ale. Yo
pral devaste tout peyi a devan je yo. 46 Lè lavil Babilòn
tonbe, l'ap fè yon kokennchenn bri, latè ap tranble. Y'ap
tande rèl moun yo nan tout lòt nasyon yo.

51 Seyè a di konsa: -Mwen pral fè yon gwo van soufle
sou lavil Babilòn pou detwi l' ansanm ak tout moun
li yo. 2 Wi, m'ap voye etranje nan peyi a. Y'ap gaye l'
tankou van k'ap bwote pay chèch, y'ap ravaje peyi a. Lè
jou malè sa a va rive, y'ap soti toupatou vin tonbe sou li.
3 Pa bay sòlda yo chans pou yo tire banza yo, ni pou yo
mete rad batay yo sou yo. Pa kite jenn gason yo chape.
Touye tout lame a pou Bondye. 4 Nan tout peyi Babilòn
lan moun ap tonbe mouri. Nan tout lari flèch ap pèse
yo pak an pak. 5 Paske mwen menm, Seyè ki gen tout
pouvwa a, Bondye moun peyi Izrayèl ak moun peyi Jida
yo, mwen pa lage yo, atout yo koupab devan Bondye pèp
Izrayèl la ki yon Bondye apa. 6 Kouri kite lavil Babilòn!
Kouri chape kò nou. Pa kite yo touye nou pou mechanste
moun pa li yo. Lè a rive pou m' tire revanj mwen. M'ap
pini l' pou sa li fè m' lan. 7 Babilòn te tankou yon gode
fèt an lò nan men mwen. Li t'ap fè tout nasyon sou latè
sou. Yo bwè nan diven l' lan, y'ap depale. 8 Men Babilòn
rete konsa li tonbe, li kraze. Plenn sò li! Chache renmèd
pou doulè l' yo. Nou pa janm konnen, li ka geri. 9 Etranje
k'ap viv nan peyi a di konsa: Nou fè sa nou kapab pou n'
geri Babilòn. Pa gen gerizon pou li. Annou kite peyi a.
Ann ale, chak moun nan peyi pa yo, paske peche l' yo
fè pil rive jouk nan syèl, yo pi wo pase nwaj yo. 10 Pèp
Izrayèl la di: Seyè a fè wè kòz nou an bon, li ban nou
jistis. Ann al rakonte moun lavil Jerizalèm yo sa Seyè a,
Bondye nou an, fè. 11 Bondye moute tèt tout wa peyi
Medi yo, li fè yon plan pou l' detwi Babilòn. Se konsa l'ap
tire revanj li pou detwi yo menm jan yo te detwi tanp li an.
Fè pwent flèch yo byen pwenti! Plen sak yo flèch! 12 Leve
drapo a! Bay siyal pou yo atake miray Babilòn yo! Double
faksyonnè yo! Mete sòlda ap veye. Pare anbiskad pou yo.
Seyè a fè plan li, li fè sa li te di l'ap fè moun Babilòn yo.
13 Nou menm ki rete nan peyi ki gen anpil rivyè a, nou
menm ki gen anpil richès, men nou rive mezi bout nou!
Nou fè kont nou koulye a. 14 Seyè ki gen tout pouvwa a
fè sèman sou tèt li: li pral mennen anpil moun vin atake
Babilòn, y'ap tankou yon bann krikèt. Yo pral rele, yo pral
chante dèske yo kraze ou. 15 Seyè a te fè latè ak fòs
pouvwa li. Li kreye dènye bagay ak bon konprann li. Avèk
entèlijans li, li louvri syèl la anwo latè. 16 Li pase lòd, epi
dlo ki anwo syèl la pran gwonde. Li fè gwo nwaj yo moute
soti toupatou. Li fè zèklè yo klere pou fè lapli vini. Li fè
van yo soti kote li te sere yo. 17 Lè konsa tout moun rete
egare, yo pa konprann anyen. Moun k'ap fè zidòl yo wont
sa yo fè a, paske bondye yo fè yo se fo bondye, yo pa
gen lavi nan yo. 18 Yo pa vo anyen. Yo bon pou pase
nan betiz. Y'ap disparèt lè Seyè a ap vin regle ak yo. 19
Men, Bondye Jakòb la pa tankou yo. Se li menm ki fè tout
bagay. Li chwazi pèp Izrayèl la pou rele l' pa l'. Seyè ki
gen tout pouvwa a, se konsa yo rele l'. 20 Seyè a di ankò:
-Babilòn, ou te yon gwo mato nan men mwen, yon zam
pou m' fè lagè. Se avè ou mwen te kraze nasyon yo. Se
avè ou mwen te kraze peyi wa yo. 21 Se avè ou mwen te
kraze chwal yo ak tout kavalye yo. Se avè ou mwen te
kraze cha lagè yo ak tout moun ki t'ap mennen yo. 22 Se
avè ou mwen te kraze fanm kou gason, granmoun kou
timoun, jenn gason kou jenn fi. 23 Se avè ou mwen te
touye bann mouton yo ak tout gadò yo. Se avè ou mwen
te kraze kiltivatè yo ansanm ak tout chwal pou raboure
latè. Se avè ou mwen te kraze tout chèf yo ak tout majistra
yo. 24 Seyè a di ankò: -Devan je nou tout, m'ap fè lavil
Babilòn ansanm ak tout pèp li a peye tout mechanste li te
fè lavil Jerizalèm yo. 25 Babilòn, ou tankou yon gwo mòn
kote moun k'ap ravaje tout latè a soti. Koulye a, mwen
pral regle avè ou. Mwen pral mete men sou ou. M'ap fè ou
degrengole desann soti nan tèt wòch yo. M'ap fè mòn lan
tounen yon gwo boukan dife. 26 Yo p'ap pran yon wòch
nan ou ni pou fè fondasyon, ni pou fè kwen kay. Ou pral
tounen yon dezè pou tout tan. Se mwen menm Seyè a ki
di sa. 27 Bay siyal nan tout peyi a pou yo atake. Kònen
twonpèt nan tout nasyon yo. Pare tout nasyon yo pou y' al
fè lagè ak Babilòn. Voye rele wa peyi Arara a, wa peyi
Mini an, wa peyi Achkenaz la pou y' al atake l'. Chwazi
chèf pou mennen batay la. Fè yo mennen anpil chwal ban
nou pou yo menm kantite ak yon bann krikèt. 28 Pare tout
nasyon yo pou y' al fè lagè ak Babilòn. Voye chache wa
yo k'ap gouvènen nan peyi Medi a, ansanm ak tout prefè
yo, tout majistra yo, tout lame nan peyi ki sou kontwol yo.
29 Tout latè ap tranble, l'ap souke, paske lè plan travay
Seyè a rive pou l' fèt. Li pral fè Babilòn tounen yon dezè
kote p'ap gen pesonn ankò. 30 Sòlda lavil Babilòn yo
derefize goumen. Yo rete kache nan fò yo. Yo pèdi tout
kouraj yo, yo tankou fanm. Lènmi defonse pòtay lavil yo,
yo mete dife nan kay yo. 31 Mesaje sou mesaje ap kouri
brid sou kou al di wa Babilòn lan lènmi anvayi lavil li a
nèt. 32 Yo bloke tout chemen yo, yo mete dife nan tout
avanpòs yo, sòlda yo gaye. 33 Wi, men mesaj Seyè ki gen
tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la, bay: Lavil Babilòn
tankou yon glasi y'ap pare. Talè konsa yo pral kouche
sòlda yo tankou grenn danre sou glasi. 34 Nèbikadneza,
wa peyi Babilòn lan, te devore lavil Jerizalèm, li manje l'
nèt ale. Li kite peyi a vid tankou yon plat yo niche. Tankou

yon gwo bèt lanmè, li vale m'. Li souse tout mwèl mwen.
Lèfini, li voye rès la jete. 35 Moun ki rete sou mòn Siyon
yo di: Se pou lavil Babilòn peye tout lapenn ak mechanste
li fè nou. Moun lavil Jerizalèm yo te mèt di: Se pou moun
peyi Kalde yo peye pou tout san nou yo fè koule a. 36 Se
konsa Seyè a pale ak moun Jerizalèm yo, li di yo: Se
mwen menm k'ap pran kòz nou nan men. Mwen pran sou
kont mwen pou m' fè yo peye sa yo fè nou. M'ap fè sous
dlo lavil Babilòn yo cheche. P'ap gen yon tak dlo nan rivyè
l' yo. 37 Lavil Babilòn ap tounen yon pil mazi kote bèt
nan bwa rete, yon dezè kote pesonn pa rete. Tout moun
k'ap wè sa pral sezi, y'a mete men nan tèt. 38 Moun
Babilòn yo ap gwonde tankou lyon, y'ap griyen dan yo
tankou jenn lyon. 39 Lè y'a fin chofe kont yo, mwen menm
m'ap pare yon fèt pou yo. M'ap fè yo sou, m'ap fè kè yo
kontan. Lèfini, yo pral dòmi yon dòmi ki p'ap janm fini,
yo p'ap janm leve ankò. 40 M'ap fè mennen yo labatwa
tankou yo mennen mouton, belye mouton ak bouk kabrit
yo. Se mwen menm Seyè a ki di sa. 41 Seyè a di konsa: -
Gade! Yo pran lavil Babilòn. Yo mete men sou li, lavil ki te
yon lwanj nan bouch tout moun lan. Yo fè l' tounen yon
dezè nan mitan nasyon yo. 42 Lanmè moute anvayi lavil
Babilòn. Lanm lanmè yo move, yo kouvri lavil la. 43 Tout ti
bouk li yo tounen yon dezè tou, san pa gen yon gout dlo
ladan yo. Se raje toupatou. Pa gen pesonn ladan yo ankò.
Pesonn pa pase la non plis. 44 M'ap regle Bèl, bondye
Babilòn lan, m'ap fè l' rann tou sa li te vale a. Nasyon
yo p'ap kouri vin nan pye l' ankò. Miray lavil Babilòn yo
tonbe. 45 Nou menm moun pèp Izrayèl yo, kouri wete
kò nou la! Chape kò nou pou nou pa pase tou, paske
Seyè a move anpil sou lavil Babilòn. 46 Pa dekouraje. Pa
kite bri k'ap kouri nan peyi a fè nou pè. Chak lanne yo fè
kouri yon kalite bri. Yon lè yo di se mechanste k'ap fèt
nan peyi a, yon lòt lè yo di se chèf k'ap goumen ak chèf
pou pran pouvwa a. 47 Men jou yo rive pou m' regle ak
vye zidòl Babilòn yo. Tout peyi a pral wont. Yo pral touye
dènye moun ladan l'. 48 Tout bagay nan syèl la ak sou
latè a pral kontan, yo pral rele lè moun k'ap soti bò nan
nò yo va vin ravaje lavil Babilòn. Se Seyè a menm ki di
sa. 49 Babilòn te lakòz anpil moun mouri toupatou sou
latè. Koulye a se Babilòn ki pral tonbe, paske li te touye
anpil moun nan pèp Izrayèl la. 50 Seyè a pale ak moun
pèp Izrayèl yo ki lavil Babilòn. Li di yo konsa: -Nou menm
ki te chape anba lanmò, ale, pa rete! Nou te mèt byen
lwen lakay nou, mete lide nou sou mwen, chonje lavil
Jerizalèm! 51 Nou di: nou te wont lè nou tande jan yo t'ap
joure nou. Lawont fè nou bouche figi nou, paske moun lòt
nasyon yo te mete pye yo nan kote ki apa nèt pou Seyè a
nan tanp lan. 52 Enben, men sa Seyè a di ankò: Lè a
rive, mwen pral regle avèk zidòl lavil Babilòn yo. Nan tout
peyi a moun blese yo pral plenn. 53 Menm si Babilòn ta
rive moute nan syèl pou l' ta bati yon gwo fò moun pa ka
rive pran, moun m'ap voye dèyè l' yo ap jwenn li, y'ap
kraze l'. Se mwen menm Seyè a ki di sa. 54 Seyè a di
ankò: -Yon sèl rèl pete lavil Babilòn. Bri kouri yon gwo
malè tonbe sou tout peyi a. 55 Se mwen menm Seyè a
k'ap detwi lavil Babilòn. Mwen fè l' pe bouch li. Menm si
lavil Babilòn t'ap fè bri tankou lanmè lè li move, m'ap fè l'
sispann rele. 56 Wi, lènmi ap vin detwi lavil Babilòn. Y'ap
mete men sou sòlda li yo. L'ap kraze tout banza yo. Mwen
menm, Seyè a, mwen se yon Bondye k'ap pini moun ki fè
sa ki mal. M'ap fè yo peye pou sa yo fè. 57 M'ap soule
chèf li yo, moun save ak majistra li yo, chèf lame ak sòlda
li yo. Yo pral dòmi nèt ale, yo p'ap janm leve. Se mwen
menm wa a ki pale, mwen menm yo rele Seyè ki gen tout
pouvwa a. 58 Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di ankò:
-Yo kraze gwo miray lavil Babilòn lan ratè. Yo boule gwo
pòtay byen wo li yo. Pèp yo te travay pou gremesi. Tou
sa yo te bat kò yo fè a tounen sann dife. 59 Sedesyas,
wa peyi Jida a, te gen yon chèf yo te rele Seraja ki te
reskonsab kay wa a. Se te pitit Nerija, pitit pitit Maseja.
Wa a te gen katran depi li t'ap gouvènen peyi a lè li pati
pou Babilòn ansanm ak Seraja. Men lòd pwofèt Jeremi te
bay Seraja. 60 Jeremi te ekri nan yon liv tout malè ki gen
pou tonbe sou lavil Babilòn ansanm ak tout lòt bagay li te
di sou lavil la. 61 Jeremi di Seraja konsa: -Lè w'a rive lavil
Babilòn, pa bliye se pou ou li tou sa ki ekri nan liv la. 62
Apre sa w'a di: Seyè! Ou te di ou gen pou detwi peyi sa a
pou pa gen yon sèl moun ni yon sèl bèt rete ladan l' ankò.
Ou te di peyi a gen pou tounen yon dezè pou tout tan! 63
Lè w'a fin li liv sa a, w'a mare l' sou yon wòch, w'a voye l'
jete nan mitan larivyè Lefrat. 64 Apre sa, w'a di: Se konsa
lavil Babilòn lan pral koule, li p'ap janm ka leve ankò apre
malè mwen menm Seyè a, mwen pral voye sou li a. Se
isit la pawòl pwofèt Jeremi yo fini.

52 Sedesyas te gen venteyennan lè li vin wa peyi Jida.
Li pase onzan lavil Jerizalèm ap gouvènen peyi a.
Manman l' te rele Amoutal. Se te pitit fi Jeremi, moun
lavil Libna. 2 Wa Sedesyas te fè sa ki mal devan Bondye
menm jan ak Jojakim. 3 Se konsa, Seyè a te fache ni sou
moun lavil Jerizalèm yo, ni sou moun peyi Jida yo, jouk
jou li wete yo devan je l'. Sedesyas te pran lezam kont
Nèbikadneza, wa Babilòn lan. 4 Se konsa, sou dezyèm
jou dizyèm mwa nevyèm lanne depi Sedesyas te wa a,
Nèbikadneza, wa Babilòn lan, vin atake lavil Jerizalèm
ak tout lame li a. Yo moute kan yo devan miray lavil la,
yo mete ranblè nan pye miray yo. Yo sènen l' nèt. 5 Yo
fèmen lavil la depi lè sa a rive sou onzyèm lanne rèy wa
Sedeisas la. 6 Sou nevyèm jou katriyèm mwa menm
lanne sa a, te gen yon sèl grangou nan lavil la, moun yo
pa t' gen anyen pou yo manje ankò. 7 Yo fè yon twou nan
miray yo. Atout lame moun Babilòn yo te sènen lavil la
nèt, tout sòlda jwif yo met deyò, yo kite lavil la nan mitan
lannwit, yo pase nan mitan jaden wa a, yo desann nan
wout pòtay la nan mitan de miray yo, yo pran chemen
Fon Jouden an pou yo. 8 Men, lame moun Babilòn yo
rapouswiv wa Sedesyas. Lè yo rive nan plenn bò lavil
Jeriko yo, yo mete men sou li. Lè sa a, tout sòlda li yo
gaye, yo kouri kite l'. 9 Lènmi yo pran wa a, yo mennen l'
bay wa Babilòn lan, ki te lavil Ribla nan peyi Amat la. Se la

Nèbikadneza jije li. **10** Antan yo lavil Ribla, li fè yo koupe
kou tout pitit wa Sedesyas yo devan wa a. Li fè koupe kou
tout chèf peyi Jida yo tou. **11** Lèfini, li fè yo pete tou de je
wa Sedesyas, epi yo mare l' ak de gwo chenn fèt an kwiv.
Yo mennen l' lavil Babilòn. Yo mete Sedesyas nan prizon,
li rete la jouk li mouri. **12** Sou dizyèm jou senkyèm mwa
nan disnevyèm lanne rèy Nèbikadneza, wa Babilòn lan,
Neboucharadan, chèf lagad la, yonn nan konseye li yo,
antre lavil Jerizalèm. **13** Li met dife nan kay Bondye a ak
nan palè wa a. Li boule dènye kay ki te lavil Jerizalèm,
ata kay grannèg yo. **14** Li bay sòlda ki te avè l' yo lòd
demoli tout gwo miray ranpa lavil Jerizalèm yo met atè.
15 Lèfini, Neboucharadan, chèf lagad la, pran rès moun
yo te kite lavil la, li depòte yo lavil Babilòn ansanm ak tout
moun ki te vin rann tèt yo bay wa Babilòn lan ak tout bon
bòs atizan ki te rete nan lavil la. **16** Men, li kite kèk moun
nan mas pèp la ki pa t' gen anyen. Li ba yo jaden rezen
ak lòt jaden pou yo okipe. **17** Moun Babilòn yo pran gwo
poto kwiv yo ki te nan tanp Seyè a, ansanm ak sipò yo,
gwo basen kwiv yo, yo kraze yo fè ti moso, yo pote kwiv
la ale lavil Babilòn. **18** Yo pran plat pou resevwa sann yo,
pèl yo, kouto yo, gode yo, tas yo ak tout lòt bagay an
kwiv yo te konn sèvi nan tanp lan. **19** Chèf lagad la pran
dènye bagay ki te fèt an lò ak an ajan: kivèt yo, recho
yo, gode yo, plat pou resevwa sann yo, lanp sèt branch
yo, bòl yo ak tas yo, **20** de gwo poto yo, gwo basen lan
ak douz estati towo ki te sèvi l' sipò yo, ak kabwèt wa
Salomon te fè fè an kwiv pou mete nan tanp lan. Tout
bagay sa yo te lou anpil, pesonn pa t' konn pèz yo. **21** De
poto yo te parèy yonn ak lòt: yo chak te gen vennsèt pye
wotè, se yon kòd dizwit pye longè ki pou ta fè wonn yo
chak. Poto yo te vid nan mitan. Rebò yo te gen twa pous
epesè. **22** Sou tèt chak poto te gen yon blòk an kwiv sèt
pye edmi wotè. Sou tout wonn tèt poto yo, te gen desen ti
chenn makònen yonn ak lòt, ak anpil pòtre grenad plake
sou yo. Tout te fèt an kwiv. De poto yo te parèy. **23** Sou
wonn tèt poto yo te gen san grenad antou, men antan ou
anba ou te ka wè katrevensèz grenad sèlman. **24** Lèfini,
Neboucharadan, chèf lagad la, pran Seraya, granprèt la,
Sefanya, adjwen li an ansanm ak twa lòt chèf ki la pou
veye pòtay tanp lan, li fè yo prizonye. **25** Nan lavil la, li
pran chèf ki te alatèt lame a ansanm ak sèt lòt otorite
ki te toujou avèk wa a, ak sekretè kòmandan lame a ki
te reskonsab pou pran moun nan lame a, ak swasant
lòt grannèg. Tout moun sa yo te nan lavil la toujou. **26**
Neboucharadan pran yo, li mennen yo bay wa Babilòn
lan lavil Ribla. **27** Wa a fè bat yo, lèfini li fè touye yo
lavil Ribla nan peyi Amat. Se konsa yo te depòte moun
peyi Jida yo byen lwen peyi yo. **28** Men kantite moun
wa Nèbikadneza te depòte: Nan setyèm lanne rèy li a, li
depòte twamil venntwa (3.023) moun peyi Jida. **29** Nan
dizwityèm lanne rèy li a, li depòte witsantrannde (832)
moun lavil Jerizalèm. **30** Nan venntwazyèm lanne rèy li a,
Neboucharadan, chèf lagad la, te pran sètsankarannsenk
(745) moun. Antou sa te fè katmil sisan (4.600) moun
yo te depòte. **31** Premye lanne wa Evilmewodak pran
pouvwa a lavil Babilòn, li fè pa Jojakim, wa peyi Jida a, li
fè l' soti nan prizon. Lè sa a, Jojakim te gen trannsizan
onz mwa, vennsenk jou, jou pou jou, depi yo te depòte l'.
32 Evilmewodak te sèvi byen avè l', li ba l' premye plas
nan mitan tout lòt wa yo te depòte lavil Babilòn tankou l'
yo. **33** Li wete rad prizonye ki te sou Jojakim lan, li fè l' vin
manje sou menm tab avè l' jouk Jojakim mouri. **34** Chak
jou, wa a ba li sa li te bezwen pou l' viv, konsa, konsa,
jouk li mouri.

Plenn

1 Jan lavil Jerizalèm te plen moun yon lè! Gade, jounen jòdi a li chita pou kont li! Li tankou yon fanm ki pèdi mari l'. Tout nasyon sou latè te respekte pouvwa li. Li te devan tout lòt lavil yo. Koulye a, men li tounen esklav! **2** Tout lannwit l'ap plede kriye, dlo ap koule nan je l' san rete. Nan tout moun ki te renmen l' yo, li pa jwenn yonn menm pou konsole l'. Tout zanmi l' yo trayi l', yo tout fè l' lènmi koulye a. **3** Yo depòte moun peyi Jida yo, y'ap peze yo. Y'ap kraze yo anba travay di. Moun peyi Jida yo ap viv nan lòt peyi. Yo pa gen kote pou yo poze kò yo. Tout moun ki pa vle wè yo sènen yo toupatou! Pa gen chape pou yo. **4** Chemen ki mennen sou mòn Siyon yo blanch! Pesonn pa moute al fè sèvis jou fèt yo. Pòtay li yo vid. Prèt yo ap plenn. Tout medam ki konn chante yo nan lafliksyon. Mòn Siyon an nan gwo chagren. **5** Lènmi l' yo pran pye sou li. Moun ki pa vle wè l' yo gen lapè avè l'. Seyè a ap fè l' soufri pou tout kantite peche li fè yo. Ata timoun piti yo depòte. Lènmi pouse yo mache devan yo! **6** Lavil Jerizalèm pèdi tout prestij li. Chèf li yo tankou kabrit mawon ki pa jwenn zèb pou yo manje. Yo pa gen fòs pou yo kouri chape dèvan moun ki dèyè yo. **7** Nan mizè kote yo ye a, nan pwonmennen toupatou sa a, moun lavil Jerizalèm yo chonje tout bèl bagay yo te gen nan tan lontan. Lè moun li yo tonbe anba men lènmi pesonn pa vin pote yo sekou. Moun ki pa vle wè l' yo ap pale sou li. Yo kontan wè jan yo fini avè l'. **8** Lavil Jerizalèm te fè anpil peche! Li bay moun degoutans. Moun ki te konn gen respè pou li yo, koulye a yo pa gade l' menm. Li kanpe tankou yon fanm toutouni devan yo. Li menm, l'ap plenn, l'ap kache figi l' tèlman li wont. **9** Malpwòpte te sou tout rad li, men li pa t' fè lide kote sa t'ap mennen l'. Li tonbe plat atè. Pesonn pa vin konsole li. Bondye papa m', gade nan ki mizè mwen ye non! Lènmi m' yo mete pye sou kou mwen. **10** Lènmi l' yo vòlò tout bèl bagay li te genyen. Moun Bondye te defann mete pye nan tanp lan, li wè yo antre ata kote yo mete apa pou Bondye a. **11** Tout moun ap plenn, y'ap chache manje pou yo manje! Yo bay tout byen yo pou yo sa jwenn manje, pou yo pa fin mouri. - Granmèt o, voye je ou gade m' non! Wè jan y'ap pase m' nan betiz! **12** Nou tout k'ap pase la a, gade non! Sa pa di nou anyen? Pesonn pa janm pase sa m'ap pase la a. Se Bondye, Seyè a, ki ankòlè k'ap manyen avè m'. **13** Li rete anwo, li voye dife sou mwen, yon dife ki boule tout anndan mwen. Li tann pèlen pou mwen, li fè m' tonbe atè, Li kite m' pou kont mwen. San rete m'ap kòde anba soufrans. **14** Li make tout peche m' yo. Li fè yon pakèt ak yo. Li pandye yo nan kou m'. Yo sitèlman lou, m' pa kapab ankò! Bondye sèl Mèt la lage m' nan men lènmi m' yo. M' pa ka kenbe tèt ak yo. **15** Bondye sèl Mèt la kraze tout vanyan gason m' te genyen yo anba pye l'. Li sanble yon foul moun pou yo atake m', pou yo touye tout jenn gason m' yo. Li kraze moun peyi Jida yo tankou kann nan moulen. **16** Se poutèt sa m'ap kriye konsa! Dlo ap ponpe nan je m' san rete. Pa gen pesonn pou konsole m', pesonn pou ban m' kouraj. Lènmi m' yo gen pye yo sou kou mwen. Moun mwen yo pa gen anyen ankò. **17** Mòn Siyon an lonje men l', men, pa gen pesonn pou ba l' kouraj. Seyè a rele tout moun ki pa vle wè peyi Jakòb la, pou yo sènen l' toupatou. Lavil Jerizalèm tounen malpwòpte nan mitan yo. **18** Men, Seyè a gen rezon l' nan pla men l' paske mwen te refize koute l' lè li t'ap pale m'! Nou tout moun ki toupatou, koute m'! Gade jan m'ap soufri! Yo depòte jenn gason ak jenn fi m' yo. **19** Mwen rele zanmi m' yo. Men, yo pa okipe m' menm! Prèt yo ak chèf fanmi yo mouri nan lavil la pandan y'ap chache manje pou yo reprann fòs. **20** Seyè, gade jan kè m' sere non! Mwen boulvèse. Kè m' ap fè m' mal paske mwen te fè wòklò. Nan lari y'ap ansasinen mwen. Anndan kay menm, se pa pale! **21** Koute jan m'ap plenn. Pa gen pesonn pou ban m' kouraj. Lènmi m' yo vin konnen nan ki malè mwen ye. Yo kontan wè se ou menm ki fè m' sa. Tanpri, fè jou ou te pwomèt la rive non, pou lènmi m' yo ka vin jan mwen ye a. **22** Jije yo pou mechanste yo. Pini yo menm jan ou pini m' pou peche m' yo. M'ap plenn anpil. Kè m' ap fann.

2 Bondye sèl Mèt la fè kòlè, li voye yon gwo nwaj nwa kouvri lavil Jerizalèm. Tou sa ki te fè respè pèp Izrayèl la, li kraze l' anba pye l'. Jou li fè kòlè a, ata tanp kote li poze pye l' la, li pa chonje l'. **2** Bondye sèl Mèt la te san pitye, li devaste dènye jaden moun fanmi Jakòb yo. Li fè yon sèl kòlè, li kraze tout fò ki te pwoteje peyi Jida a. Li trennen gouvènman an ansanm ak tout chèf yo nan labou. Li fè yo wont. **3** Nan gwo kòlè li, li kraze tout fòs kouraj pèp Izrayèl la. Li derefize ede nou lè lènmi atake nou. Li move sou nou, li te tankou yon dife k'ap boule dènye bagay alawonn. **4** Li atake nou, li tonbe sou nou tankou yon lènmi. Li touye tou sa ki te fè plezi ak kontantman nou. Jouk anndan lakay nou, li fè nou santi jan li move sou nou. **5** Tankou yon lènmi, Bondye sèl Mèt la fini ak pèp Izrayèl la. Li kraze dènye gwo kay li yo, li detwi tout fò li yo. Li fè moun peyi Jida yo rete ap plenn sou plenn. **6** Li fè tanp lan tounen tankou yon jaden vòlò devaste. Li kraze kote li konn gen randevou ak pèp la. Li fè sispann tout jou fèt, tout jou repo sou mòn Siyon an. Li move ata sou wa ak prèt yo. Yo tout pase anba men l'. **7** Bondye sèl Mèt la voye lotèl li a jete. Li pa vle wè kay yo te mete apa pou li a. Li kite lènmi yo kraze miray gwo kay yo. Lènmi yo fè fèt, yo rele byen fò nan kay Seyè a tankou lè n'ap fè seremoni pou li. **8** Seyè a, Bondye sèl Mèt la, te soti pou l' kraze miray lavil Siyon an. Li fè plan pou lè l' kraze l', li kraze l' nèt. Miray fò yo ak miray ranpa yo tonbe, yo kraze ansanm. **9** Pòtay yo atè kouvri anba fatra. Ba pòtay yo kase, yo pa ka sèvi ankò. Yo depòte wa a ak chèf yo nan peyi etranje. Pa gen pesonn pou moutre sa ki nan lalwa. Menm pwofèt yo, Bondye pa pale ak yo nan vizyon ankò. **10** Chèf fanmi lavil Jerizalèm yo chita atè, men nan machwè! Yo nan gwo lapenn, yo voye pousyè sou tèt yo, yo mete rad sak sou yo. Jenn fi yo menm rete tèt bese. **11** Je m' wouj afòs mwen kriye. Kè m' sere. M' pèdi kouraj

lè m' wè jan pèp mwen an ap fini, jan timoun yo ak ti bebe
yo ap tonbe endispoze nan mitan lari kapital la. 12 Y'ap
rele manman yo, Y'ap kriye pou pen ak dlo sikre. Yo tonbe
san konesans nan lari a tankou moun ki blese, yo mouri
nan bra manman yo. 13 Aa! Jerizalèm, kisa pou m' di ou
la a! Ak ki moun pou m' ta konpare sò ou? Ki jan pou
m' ankouraje ou? Pesonn pa janm soufri konsa. Malè ki
tonbe sou ou a pa gen limit, li gwosè lanmè a! Pesonn pa
ka fè anyen pou ou ankò! 14 Pwofèt yo pa wè anyen pou
yo di ou pase manti ak radòt. Yo kase fèy kouvri peche ou
yo pou ou. Yo fè ou pèdi chans ou te gen pou ou te kanpe
ankò a. Yo pa wè anyen pou yo di ou. Y'ap ba ou manti,
y'ap pete ou. 15 Tout moun sou granchemen an ap rele
chalbari dèyè ou. Y'ap lonje dwèt sou ou, y'ap pase lavil
Jerizalèm nan rizib. Y'ap ri, y'ap di: -Men lavil yo t'ap di pa
gen pi bèl pase l' la wi! Se lavil sa a wi ki te fè kè tout
moun bat pou li a! 16 Tout lènmi ou yo ap pale ou mal
byen fò. Y'ap rele chalbari dèyè ou. Y'ap lonje bouch yo
sou ou. Y'ap di: -Nou fini avè l'! Men jou nou t'ap tann lan!
Nou jwenn li jòdi a! 17 Seyè a fè sa li te di li t'ap fè a. Li
kenbe pawòl li te di depi nan tan lontan an. Li kraze san
gade dèyè. Li fè lènmi nou yo genyen batay la sou nou. Li
fè yo kontan wè jan nou fini. 18 Jerizalèm, ou mèt kite
miray ou yo rele nan pye Seyè a. Kite dlo koule nan je
ou tankou larivyè, lajounen kou lannwit! Pa pran kanpo
menm! Pa kite dlo nan je ou cheche! 19 Leve nan mitan
lannwit, chak fwa kòk chante, rele nan pye Bondye! Louvri
kè ou bay Bondye sèl Mèt la. Mande l' gras mizèrikòd
pou ti pitit ou yo, k'ap mouri grangou nan chak kalfou! 20
Gade non, Seyè! Manyè wè ki moun w'ap matirize konsa!
Manman ap manje pitit ki sot nan vant yo, pitit yo renmen
anpil yo. Y'ap touye prèt yo ak pwofèt yo nan kote ki apa
pou Bondye sèl Mèt la, nan tanp lan. 21 Jenn gason kou
granmoun mouri atè nan mitan lari. Jenn tifi yo ak jenn
tigason yo mouri nan lagè! Jou ou fè kòlè a, ou touye
moun, ou kraze moun san gad dèyè. 22 Ou fè moun k'ap
fè m' pè yo soti toupatou pou yo vin danse, fè fèt sou
do m'. Lè Seyè a move, pesonn pa ka chape, tout moun
gen pou mouri. Lènmi m' yo touye ata timoun mwen te
renmen yo, timoun mwen te elve yo.

3 Mwen se yon nonm ki konnen mizè moun gen pou
pase lè Bondye ankòlè sou yo, lè Bondye ap pini yo. 2
Li trennen m', li fè m' mache nan fènwa san yon ti limyè
pou klere m'. 3 Tout lajounen, l'ap plede bat mwen san
rete. 4 Po kò m' fin chire, vyann mwen parèt deyò konsa.
Li kraze tout zo nan kò m'. 5 Li fèmen m' nan yon koridò
mizè ak lafliksyon. 6 Li fè m' rete kote ki fènwa a tankou
moun mouri yo. 7 Li moute yon miray, li fèmen kote m' ye
a, m' pa ka chape. Li mare m' ak gwo chenn. 8 Tout rele
mwen rele byen fò, pesonn p'ap tande m'. 9 Li simen gwo
wòch toupatou sou wout mwen. Kote m' vire, chak pa
mwen fè, m' bite. 10 Tankou yon lous, li biske kò l', l'ap
veye m'. Tankou yon lyon, li kache, l'ap tann mwen. 11 Li
fè m' tonbe nan bwa. Li filange tout kò m'. Lèfini, li lage
m'. 12 Li mete flèch nan banza li, li vize. Se sou mwen
l'ap voye yo. 13 Li fè flèch li yo antre fon nan kò m'. 14
Tout moun nan peyi a ap pase m' nan betiz. Se toutan
y'ap fè chante sou mwen. 15 Li plen vant mwen ak manje
anmè kou fyèl. Li fè m' bwè labsent jouk mwen sou. 16
Li fwote tout figi m' atè, li fè m' kase dan m' nan wòch.
17 Mwen pa konnen sa yo rele kè poze. Mwen bliye sa
yo rele kè kontan. 18 Mwen di: M' pa gen lontan pou m'
viv ankò. M' pèdi tout espwa mwen te gen nan Bondye.
19 Lè m' chonje nan ki mizè mwen ye, jan m'ap mache
pwonmennen san rete, se tankou yon labsent, yon fyèl
m'ap vale. 20 Wi, lè m' chonje sa, kè m' sere, m' santi kè
m' ap rache 21 Men, mwen reprann kouraj lè m' chonje
yon sèl bagay. 22 Seyè a pa janm sispann renmen nou.
L'ap toujou gen pitye pou nou. 23 Tankou solèy la ki leve
chak maten konsa tou l'ap toujou kenbe pawòl li. 24 Mwen
di: Se Seyè a ki tout mwen. Se nan li mwen mete tout
espwa m'. 25 Seyè a bon pou tout moun ki mete konfyans
yo nan li, pou moun k'ap konte sou li. 26 Sa bon pou nou
rete dousman ap tann li vin delivre nou. 27 Sa bon pou
nou aprann sipòte depi nou tou jenn. 28 Lè Bondye ap
manyen ak nou, ann chita pou kont nou san di anyen. 29
Nou pa bezwen plenyen. Nou pa janm konnen, ka gen
espwa toujou. 30 Se pou n' pare figi n' pou n' pran souflèt.
Se pou n' asepte tou sa yo fè nou. 31 Bondye sèl Mèt la
p'ap janm lage nou nèt. 32 Li ka fè nou lapenn, men l'ap
gen pitye pou nou paske li renmen nou anpil. 33 Li pa
pran plezi nan fè nou soufri, ni nan ban nou lapenn. 34
Atò, se konnen Seyè a, Bondye sèl Mèt la, pa konnen lè
y'ap kraze prizonye anba baton, 35 lè yo derefize rekonèt
dwa Bondye ban nou, 36 lè y'ap bay move jijman nan
tribinal! Atò, se konnen li pa konnen! 37 Depi Bondye Sèl
Mèt la pale, se fini! Sa l' di se sak fèt. 38 Tou sa ki rive an
byen osinon an mal, se li menm ki penmèt sa. 39 Lè nou
anba bwa pou peche nou yo sa nou bezwen plenyen fè!
40 Annou gade jan n'ap mennen bak nou! Ann egzaminen
byen jan n'ap viv la! Lèfini, ann tounen vin jwenn Bondye!
41 Ann leve bra nou nan syèl la, ann lapriyè nan pye l'!
42 Nou peche, nou kenbe tèt avè ou! Men, ou menm ou
pa padonnen nou. 43 Ou move pi rèd, ou fann nan kò
nou! Ou te san pitye. Ou touye nou. 44 Ou vlope kò ou
nan yon gwo nwaj nwa pou lapriyè nou pa rive nan zòrèy
ou. 45 Ou fè nou tounen yon depotwa, yon pil fatra nan
mitan lòt nasyon sou latè yo. 46 Tout lènmi nou yo ap lave
bouch yo sou nou. 47 N'ap viv ak kè sote, si se pa lanmò,
se gwo danje, se gwo malè! 48 De je m' yo ap ponpe dlo
tankou larivyè, lè m' wè malè ki tonbe sou pèp mwen an!
49 Dlo ap koule nan je m' san rete. Li p'ap janm sispann,
50 jouk jou Seyè a va rete nan syèl la, l'a voye je l' gade,
l'a wè! 51 Wi, kè m' fè m' mal pou m' wè sa ki rive moun
lavil mwen yo! 52 Yon bann moun ki pa vle wè m' san m'
pa fè yo anyen pran kouri dèyè m' tankou yon zwazo y'ap
chache pran. 53 Yo lage m' tou vivan nan yon twou. Yo
fèmen bouch twou a ak wòch. 54 Dlo te prèt pou kouvri
tèt mwen. Mwen di: Fwa sa a m' pran! 55 Nan twou kote

m' te ye a, Seyè, mwen rele ou! **56** Ou tande vwa m'.
Tanpri, pa bouche zòrèy ou lè m'ap lapriyè nan pye ou. **57**
Wi, lè m' rele ou, ou pwoche. Ou di m' mwen pa bezwen
pè! **58** Bondye Sèl Mèt, ou pran ka m' an konsiderasyon.
Ou sove lavi m'. **59** Seyè, ou wè tout lenjistis y'ap fè
m'. Tanpri, defann kòz mwen. **60** Ou wè jan yo soti pou
pwofite sou mwen, jan y'ap fè konplo pou touye m'. **61**
Seyè, ou tande jan y'ap joure m'. Ou konnen konplo y'ap
fè sou do m'. **62** Tout lajounen, y'ap pale sou mwen, y'ap
fè plan. **63** Gade yo non! Depi maten jouk aswè yo chita
ap fè chante sou do m'! **64** Seyè, se pou ou pini yo pou
tou sa yo fè. **65** Madichonnen yo! Fè yo pèdi tèt yo! **66**
Move sou yo, Seyè! Pati dèyè yo! Disparèt yo sou latè!

4 Gade jan bon lò pa klere ankò! Li chanje, li pèdi kalite
li! Gade jan wòch Tanp yo gaye nan tout lari! **2** Nan
tan lontan nou pa ta bay moun peyi Siyon yo pou pi bon
lò ki genyen. Gade! Koulye a, yo pa vo pase krich tè
moun fè ak men. **3** Ata manman chat mawon bay pitit yo
tete. Men, pèp mwen an mechan tankou otrich k'ap viv
nan dezè. Yo pa pran swen pitit yo. **4** Lang ti bebe yo
kole nan fon bouch yo sitèlman yo swaf dlo. Timoun yo
ap rele mande manje. Pa gen pesonn pou ba yo anyen!
5 Moun ki te konn manje bon manje gou ap tonbe faya
nan lari. Moun ki te elve nan gran kay ap chache manje
nan fatra. **6** Peche lavil Jerizalèm pi gwo pase peche
lavil Sodòm, ki te rete konsa Bondye disparèt li. **7** Nazirit
nou yo te san repwòch. Pi bon pase yo pa t' genyen.
Yo te anfòm, yo te gwonèg. Yon bèl san wouj t'ap koule
nan venn yo! **8** Koulye a, se lonbraj yo ase ki la. Yo fini.
Pesonn pa rekonèt yo nan lari. Po yo chèch tankou kòs
bwa, yo tounen zo ak po. **9** Moun ki mouri nan lagè pi
bon pase moun ki mouri grangou. Y'ap depafini jouk yo
mouri. Yo pa jwenn anyen pou yo manje. **10** Manman ki te
renmen pitit yo anpil, koulye a, yo kwit yo pou yo manje.
Lè malè a tonbe sou pèp mwen an, se sa yo fè pou yo
pa mouri grangou. **11** Seyè a fache nèt. Li limen yon sèl
kalite dife nan lavil Siyon. Li boule l' ratè. **12** Pesonn sou
latè, pa menm wa peyi sou latè yo, pa t' vle kwè yon jou,
moun ki pa vle wè pèp Bondye a ta antre nan pòtay lavil
Jerizalèm! **13** Men, tou sa rive paske pwofèt li yo ak prèt li
yo te peche. Yo te lakòz anpil moun ki mache dwat pèdi
lavi yo mal. **14** Y'ap mache nan lari tankou moun avèg. Yo
bade ak san. Pesonn pa gen dwa manyen rad yo. **15** Kote
yo pase moun ap rele: Wete kò nou la! Nou pa pwòp!
Pa pwoche! Pa manyen m'! Se konsa y'ap plede kouri
sot nan yon peyi al nan yon lòt. Pesonn pa vle resevwa
yo. **16** Seyè a pa vle wè yo ankò, se li menm ki gaye yo
konsa. Li pa gen konsiderasyon ni pou pè yo ni pou chèf
yo. **17** Je nou wouj afòs nou kriye. N'ap tann yon sekou
ki pa janm vini. M'ap veye tann yon nasyon ki pa ka fè
anyen pou delivre nou. **18** Lènmi ap veye kote nou prale.
Nou pa menm gen dwa soti nan lari. Jou lanmò nou rive.
Sa ki rete pou nou mouri a pa anyen. **19** Moun ki t'ap
kouri dèyè nou yo te pi rapid pase malfini k'ap plonje dèyè
poul. Y'ap kouri dèyè nou nan tout mòn yo. Yo tann pèlen
pou nou nan tout dezè a. **20** Moun Seyè a te chwazi a, li
menm ki tout souf lavi nou, li menm nou te konprann ki ta
ka toujou pwoteje nou pou lòt nasyon pa anvayi nou, yo
pran l', yo mete l' nan prizon! **21** Nou menm, moun peyi
Edon ki rete lavil Ouz, nou mèt fè kè nou kontan, nou mèt
fè fèt! Tou pa nou dèyè, tande! Jou sa a, nou pral titibe
toutouni nan tout lari. **22** Nou menm, moun lavil Siyon,
nou fin peye pou peche nou yo. Bondye ap sispann pini
nou! Men, nou menm moun Edon, Seyè a pral pini nou
pou peche nou yo. L'ap denonse tou sa nou fè ki mal.

5 Seyè, gade sa ki te rive nou non! Voye je gade nou.
Wè nan ki mizè nou ye! **2** Peyi nou an nan men moun
lòt nasyon! Yo pran kay nou pou yo. **3** Nou se timoun san
papa. Manman nou tankou fanm ki pèdi mari yo. **4** Se
achte pou n' achte dlo pou nou bwè. Si nou pa gen lajan,
nou pa jwenn bwa pou nou boule. **5** N'ap travay di tankou
bourik, tankou bèf kabwa. Nou bouke, nou pa ka pran
kanpo. **6** Pou nou ka jwenn manje pou nou manje nou
blije ap lonje men bay peyi Lejip ak peyi Lasiri. **7** Zansèt
nou yo fè peche. Yo pa la ankò! Se nou menm k'ap peye
pou sa yo te fè. **8** Moun k'ap gouvènen nou yo se esklav
yo ye. Pesonn pa ka delivre nou anba men yo. **9** Se gwo
danje lè nou soti al dèyè manje. Ansasen toupatou nan
peyi a. **10** Grangou ban nou lafyèb. Kò nou cho kou dife.
11 Yo fè kadejak sou madanm nou sou mòn Siyon an. Nan
tout ti bouk peyi Jida yo yo kenbe pitit fi nou yo. **12** Yo
pran chèf nou yo, yo pann yo. Yo derespekte granmoun
nou yo. **13** Yo fòse jenn gason nou yo rale moulen. Ti
gason nou yo ap titibe anba gwo chay bwa. **14** Granmoun
yo pa chita nan pòtay lavil la ankò. Jennmoun nou yo pa
chante ankò. **15** Pa gen kè kontan lakay nou. Nou pa
danse ankò! Lapenn plen kè nou! **16** Tou sa ki te konn ban
nou kè kontan disparèt. Nou te peche, malè tonbe sou
nou. **17** Nou malad nan fon kè nou, nou pa ka wè tèlman
n'ap kriye, **18** paske mòn Siyon an tounen savann. Se bèt
nan bwa ase ki rete la. **19** Men ou menm, Seyè, ou wa
pou tou tan. W'ap gouvènen jouk sa kaba. **20** Poukisa ou
lage nou pou tout tan sa a? Gen lè ou p'ap janm chonje
nou ankò! **21** Seyè, fè nou tounen vin jwenn ou non! Fè
nou tounen vin jwenn ou! Fè nou viv jan nou te konn viv
nan tan lontan an non! **22** Eske ou voye nou jete pou tout
bon? Pou di ou p'ap janm sispann fache sou nou?

Ezekyèl

1 Nan senkyèm jou, katriyèm mwa nan trantyèm lanne
an, mwen menm Ezekyèl, mwen t'ap viv ansanm ak
moun yo te depòte yo, bò larivyè Keba nan peyi Babilòn.
Jou sa a, syèl la louvri devan je m', mwen wè Bondye nan
yon vizyon. **2** Wa Jojakin te gen senkan depi yo te depòte
l'. **3** Antan Ezekyèl, pitit Bouzi, yon prèt Bondye, te la
bò larivyè Keba nan peyi Babilòn, li tande Seyè a pale
avè l'. Li santi pouvwa Seyè a sou li. **4** Mwen leve je m'
gade, mwen wè yon gwo van tanpèt k'ap vini soti nan
nò. Zèklè t'ap fè yanyan nan yon gwo nwaj. Syèl la te
klere tout arebò nwaj la. Nan mitan nwaj la menm kote
zèklè yo t'ap fèt la, te gen yon limyè ki te klere tankou
kristal. **5** Nan mitan van an, mwen wè kat bèt, ou ta di kat
moun. **6** Yo chak te gen kat figi ak kat zèl. **7** Janm yo te
byen dwat, men pye yo te tankou zago bèf. Yo te klere
tankou kwiv poli. **8** Anba chak zèl te gen yon men moun.
Konsa, yo chak te gen kat zèl, kat figi, kat men, yonn
nan chak direksyon. **9** De nan zèl yo te louvri nèt. Bèt yo
menm te fè yon kare, pwent zèl yo kontre yonn ak lòt. Lè
y'ap mache, yo deplase ansanm nan menm direksyon,
san vire kò yo. **10** Chak bèt te gen kat figi: yon figi moun
sou devan, yon figi lyon sou bò dwat, yon figi bèf sou bò
gòch ak yon figi malfini sou dèyè. **11** Chak bèt te louvri de
nan zèl yo, yo leve yo jouk pwent zèl yo kontre ak pwent
zèl bèt ki te bò kote yo a. Yo te kouvri kò yo ak de lòt
zèl yo. **12** Chak bèt t'ap gade nan tout kat direksyon yo.
Konsa, yo te kapab mache ansanm pou y' ale kote Lespri
Bondye a pouse yo ale a, san yo pa t' bezwen vire kò yo.
13 Nan mitan bèt yo ou ta di yon gwo boukan dife ak gwo
flanm tankou flanm bwa chandèl tou limen ki t'ap ale vini.
Dife a te klere anpil, te gen zèklè ki t'ap soti ladan l'. **14**
Bèt yo menm t'ap kouri ale vini byen vit tankou zèklè. **15**
Mwen t'ap gade bèt yo, mwen wè kat wou k'ap woule atè,
yonn bò yo chak. **16** Tout wou yo te parèy, yo te klere
tankou wòch krizolit. Ou ta di yo chak gen yon lòt wou
menm gwosè pase an travè ladan yo, **17** paske wou yo te
ka woule nan direksyon kat pwen konpa yo san yo pa t'
bezwen vire. **18** Jant wou yo te byen gwo. Yo te kouvri ak
je sou tout kò yo. **19** Chak fwa bèt yo deplase, wou yo
deplase tou ansanm ak yo. Si yo leve anlè, wou yo leve
anlè tou. **20** Bèt yo ale kote pou yo ale a. Wou yo fè tou
sa bèt yo fè, paske se bèt yo ki t'ap kontwole wou yo. **21**
Bèt yo vanse, wou yo vanse tou. Bèt yo rete, wou yo rete
tou. Bèt yo leve anlè, wou yo leve anlè tou, paske se bèt
yo ki t'ap kontwole wou yo. **22** Anwo tèt bèt yo, te gen yon
bagay won an fòm yon gwo bòl bouch anba, ki te klere
tankou kristal. **23** Se anba gwo bòl la bèt yo te kanpe ak
de zèl louvri ak pwent yo kontre ak pwent zèl bèt ki bò
kote yo a. De lòt zèl yo te fèmen kouvri kò yo. **24** Lè bèt
yo t'ap vole, mwen tande zèl yo t'ap fè yon bri. Ou ta di bri
lanmè a lè li move, osinon bri vwa Seyè a lè l'ap pale,
oswa bri yon gwo lame. Lè yo sispann vole, yo kite zèl yo
pandye. **25** Men ou te ka tande yon ti bri ki t'ap fèt anwo
bòl kristal ki te anlè tèt yo a. **26** Anwo bòl kristal ki te
anlè tèt yo a, te gen yon bagay, ou ta di yon gwo fotèy
fèt an wòch safi. Sou fotèy la, yon fòm te chita ou ta di
yon moun. **27** Depi nan ren l' moute, li te klere nan je m'
tankou kwiv yo poli. Depi nan ren l' desann, ou ta di li te
nan mitan yon gwo dife ki te klere tout kote l' te ye a. **28**
Li te nan mitan yon limyè tout koulè tankou lakansyèl yon
jou lapli. Gwo bèl limyè sa a te fè m' konprann se Seyè a
ki te parèt devan m'. Lè mwen wè sa, mwen tonbe sou de
jenou m', tèt mwen bese jouk atè. Lèfini mwen tande yon
vwa moun k'ap pale.

2 Li di m' konsa: -Nonm o! Kanpe non! Mwen pral pale
avè ou. **2** Antan l'ap pale konsa a, lespri Bondye antre
sou mwen, li mete m' kanpe sou de pye m'. Epi m' tande
vwa a ki pran pale ankò. **3** Li di m' konsa: -Nonm o! M'ap
voye ou bò kote moun pèp Izrayèl yo. Se yon bann moun
ki pa t' vle koute m', yo te vire do ban mwen. Jouk koulye
a y' ap kenbe tèt avè m' tankou zansèt yo te fè l' nan tan
lontan. **4** Yo gen tèt di, yo gen move santiman konsa nan
kè yo. Men se bò kote moun sa yo m'ap voye ou pou di
yo men sa mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, m'
voye di yo. **5** Mwen konnen se yon move ras moun yo ye,
tèt yo di. Kit yo koute ou, kit yo pa koute ou, zafè yo! Men
y'a konnen te gen yon pwofèt nan mitan yo. **6** Men ou
menm, nonm o! ou pa bezwen pè yo, ni ou pa bezwen
pè sa y'ap di. Y'ap tizonnen ou, y'ap pase ou nan betiz.
W'ap tankou yon moun k'ap mache nan yon jaden pikan,
tankou yon moun ki chita sou yon nich flanman. Men,
ou pa bezwen kite yo kraponnen ou ak sa y'ap di, ou pa
bezwen pè yo. Se yon move ras moun yo ye, tèt yo di. **7**
Se pou ou di yo tou sa m'a di ou di yo, yo te mèt koute
ou, yo te mèt pa koute ou. Chonje se yon move ras moun
ki gen tèt di yo ye. **8** Nonm o! Koute sa m' pral di ou la a.
Pa fè tèt di tankou move ras moun sa yo. Louvri bouch
ou, manje sa m' pral ba ou la a. **9** M' gade, mwen wè yon
men lonje sou mwen. Li te kenbe yon woulo liv tou fèmen.
10 Li louvri liv la devan je m', mwen wè li te ekri sou tou
de bò l' yo. Li te plen pawòl moun di lè y'ap plenn sò yo,
lè yo nan gwo lapenn, lè y'ap soufri anpil.

3 Bondye di m' konsa: -Nonm o! Manje sa m' ba ou la
a. Manje woulo liv la. Apre sa, al pale ak moun pèp
Izrayèl yo. **2** Se konsa, mwen louvri bouch mwen, li fè m'
manje woulo liv la. **3** Li di m' ankò. -Nonm o! Manje non,
plen vant ou ak liv mwen ba ou a. Mwen manje l', li te
dous nan bouch mwen kou siwo myèl. **4** Lèfini, Bondye
di m' ankò: -Nonm o! Ale bò kote moun pèp Izrayèl yo.
Di yo tout pawòl mwen te di ou di yo. **5** Se pa bò kote
yon nasyon ki pale yon lòt lang ki difisil pou ou konprann
mwen voye ou. Se bò kote moun pèp Izrayèl yo menm
mwen voye ou. **6** Se pa bò kote bann moun lòt nasyon yo
ki pale lòt lang ki difisil pou ou konprann mwen voye ou.
Si se te bò kote moun sa yo m' te voye ou, yo ta koute
ou. **7** Men, pa gen pyès moun nan pèp Izrayèl la k'ap
vle koute ou, paske yo pa vle koute m'. Tout moun pèp

Izrayèl yo gen tèt di ak move santiman nan kè yo. **8** Koulye a, m'ap fè ou kenbe tèt ak yo tankou yo kenbe tèt ak mwen an, pou ou ka koresponn ak yo. **9** M'ap fè tèt ou di pase wòch, l'ap di tankou wòch dyaman. Pa pè yo, pa tranble devan yo. Se yon move ras moun ki gen tèt di yo ye. **10** Bondye di ankò: -Nonm o! Louvri zòrèy ou, tande sa mapral di ou. Kenbe pawòl mwen yo nan kè ou. **11** Apre sa, ale bò kote moun yo te depòte yo, moun menm peyi avè ou yo. W'a pale ak yo, w'a di yo men sa mwen menm, Seyè a, m' voye di yo. Yo te mèt koute ou, yo te mèt pa koute ou, zafè yo! **12** Apre sa, Lespri Bondye a pran m', li leve m' anlè. Mwen tande yon bann vwa dèyè do m' ki t'ap di: Lwanj pou Seyè a ki fè wè gwo pouvwa li nan syèl kote l' rete a. **13** Mwen tande bri zèl bèt yo ki t'ap bat ansanm ak bri wou yo, ou ta di bri yon foul moun k'ap rele. **14** Lespri a te leve m' anlè, li pote m' ale. Pouvwa Seyè a te vin chita sou mwen avèk fòs. Men, mwen te boulvèse, kè m' te sere. **15** Se konsa mwen rive lavil Tèl Abid toupre larivyè Keba kote moun yo te depòte yo te rete a. Pandan sèt jou, mwen rete la nan mitan yo, tou dekontwole apre tou sa m' te wè ak tou sa m' te tande. **16** Apre sèt jou sa yo, Seyè a pale avè m', li di m' konsa: **17** -Nonm o! Mwen mete ou faksyonnè pou nasyon Izrayèl la. W'a tande mesaj m'a ba ou, w'a avèti yo pou mwen. **18** Lè mwen fè ou konnen yon mechan gen pou l' mouri, si ou pa avèti l' pou l' chanje, pou l' kite move pant l'ap swiv la pou l' ka sove lavi l', l'ap toujou mouri poutèt peche li fè yo, men se ou menm m'ap rann reskonsab lanmò li. **19** Men, si ou avèti mechan an, lèfini mechan an pa chanje, li pa kite move pant l'ap swiv la, l'ap mouri poutèt peche li fè yo. Men ou menm, w'ap sove lavi pa ou. **20** Si yon moun ki t'ap mache dwat tanmen fè sa ki mal, m'ap mete yon malè sou wout li pou l' mouri. Si ou pa avèti l', l'ap mouri poutèt peche li fè yo, mwen p'ap chonje jan l' te konn mache dwat anvan sa a. Men, se ou menm m'ap rann reskonsab lanmò li. **21** Si okontrè, ou avèti yon moun k'ap mache dwat pou l' pa fè sa ki mal, si li koute ou, si li pa fè sa ki mal, li p'ap mouri. Ou menm tou, w'a sove lavi ou. **22** Mwen santi pouvwa Seyè a sou mwen ankò. Li di m' konsa: -Leve non. Soti al nan fon an. M'a pale la avè ou. **23** Mwen leve, mwen desann al nan fon an. Lè m' rive la, mwen wè gwo bèl limyè ki te fè m' konprann Seyè a te kanpe la, tankou mwen te wè l' bò larivyè Keba a. Mwen tonbe sou de jenou m', tèt mwen bese jouk atè. **24** Men, Lespri Bondye a antre sou mwen, li fè m' kanpe sou de pye m'. Li pale avè m', li di m' konsa: -Al fèmen kò ou lakay ou. **25** Nonm o! Yo pral mete ou anba kòd. Y'ap mare ou byen mare, ou p'ap ka mete pwent pye ou deyò. **26** Mwen pral fè lang ou lou nan bouch ou. W'ap bèbè, ou p'ap ka avèti move ras moun tèt di sa yo. **27** Apre sa, lè m'a pale avè ou ankò, m'a ba ou lapawòl, epi w'a ba yo mesaj mwen menm, Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a, m'a ba ou. Sa ki vle koute va koute, sa ki pa vle koute, zafè yo! Se yon move ras moun tèt di yo ye.

4 Bondye di m' konsa: -Nonm o! Pran yon brik, mete l' devan ou. Trase desen lavil Jerizalèm sou li. **2** Apre sa, w'a moutre jan lènmi pral sènen lavil la: W'a fouye yon kannal pou sòlda yo kache, w'a mete ranblè nan pye miray li yo, w'a mete anplasman kan sòlda yo, w'a mete gwo poto pou defonse pòtay yo sou tout bò lavil la. **3** Pran yon pwelon fè, mete l' kanpe tankou yon miray ant ou menm ak lavil la. Bay lavil la fas. Lavil la sènen toupatou. Se ou menm ki sènen l'. Se va yon siy pou moun pèp Izrayèl yo. **4** Lèfini, kouche sou bò gòch ou. W'a pran tout peche moun pèp Izrayèl yo sou ou. Ou rete kouche konsa pandan tout tan w'ap pote chay peche yo a. **5** Mwen deside pou yo pase twasankadrevendizan (390) ap peye pou peche yo. Konsa, m'ap fè ou pase twasankatrevendi (390) jou ap pote chay peche moun peyi Izrayèl yo, yon jou pou chak lanne. **6** Apre sa, w'a vire kouche sou bò dwat ou. W'a pote chay peche moun peyi Jida yo pandan karant jou, yon jou pou chak lanne chatiman yo. **7** Vire tèt ou, gade lavil Jerizalèm yo sènen an. Lonje dwèt ou sou li. Di sa ki pral rive l'. **8** M'ap mare ou byen mare, konsa ou p'ap ka vire chanje bò toutotan tout jou pou yo sènen lavil la poko fin pase. **9** Bon, koulye a ou pral pran ble, lòj, gwo pwa, ti pwa, pitimi ak ble mòn, w'a mete yo ansanm nan yon sèl veso. W'a fè pen ak yo. Pandan tout twasankatrevendi (390) jou w'ap pase kouche sou bò gòch ou a, se sa ase w'a manje. **10** W'a pran yon moso pen ki peze yon demi (1/2) liv pou ou manje chak jou. Se sa ase pou ou manje chak jou. **11** Ou p'ap gen anpil dlo pou ou bwè. W'a pran yon lit dlo konsa chak jou. **12** W'a pran okabennen moun, w'a fè dife pou kwit pen pou ou manje a devan tout moun. **13** Seyè a te di ankò: -Se konsa moun pèp Izrayèl yo pral manje manje lalwa defann yo manje, lè m'a gaye yo nan mitan lòt nasyon yo. **14** Lè sa a, mwen di: -O non! Seyè, Bondye ki gen tout pouvwa a, mwen pa janm manje manje ou defann moun manje. Depi m' piti, mwen pa janm manje vyann bèt ki mouri toufe, ni vyann bèt lòt bèt touye. Non, mwen pa janm mete nan bouch mwen vyann ou defann moun manje! **15** Lè sa a, Bondye di m' konsa: -Dakò. M'ap kite ou pran kaka bèf pito pase okabennen moun. Ou mèt fè dife avè l' pou kwit pen ou lan. **16** Epi li di ankò: -Nonm o! Mwen pral koupe viv moun lavil Jerizalèm yo. Moun yo pral gen kè sere, yo pral gen kè sote lè yo pral kontwole kantite pen pou yo manje ak kantite dlo pou yo bwè. **17** Yo p'ap jwenn kantite pen ak dlo yo bezwen: yo tout y'ap depafini ansanm, y'ap deperi poutèt peche yo fè yo.

5 Seyè a di mwen: -Nonm o! Pran yon kouto byen file, tankou razwa kwafè, wete tout bab nan figi ou ak tout cheve nan tèt ou. Lèfini, pran yon balans pou peze cheve ou koupe yo, w'a fè yo fè twa pil menm fòs. **2** Lè y'a sispann sènen lavil la, w'a boule yon premye pil nan mitan lavil la. W'a pran yon dezyèm pil, w'a koupe l' ti moso ti moso avèk nepe a pandan w'ap fè tou lavil la pa deyò. Dènye pil cheve a menm, w'a voye l' anlè pou van pote yo ale. Mwen menm, m'a kouri dèyè yo ak nepe mwen. **3**

W'a sere yon ponyen cheve, w'a koud li nan woulèt rad
ou. 4 Lèfini, w'a pran de twa branch cheve nan sa ou te
sere yo, w'a voye yo jete nan dife pou yo boule. Dife a ap
gaye nan tout peyi Izrayèl la. 5 Men sa Seyè a, Bondye ki
gen tout pouvwa, di ankò: -Gade lavil Jerizalèm! Mwen te
mete l' kanpe nan mitan latè ak tout lòt nasyon yo bò kote
l'. 6 Men, Jerizalèm revòlte kont kòmandman ak lòd mwen
yo. Li fè pi mal pase lòt nasyon ki bò kote l' yo. Moun li
yo derefize swiv prensip mwen te ba yo. Yo pa fè sa m'
te ba yo lòd fè a. 7 Se poutèt sa, nou menm moun lavil
Jerizalèm, men sa Seyè ki gen tout pouvwa a, di nou: Nou
pa swiv lòd mwen yo, nou pa fè sa m' te mande nou fè.
Konsa, nou fè pi mal pase moun lòt nasyon ki bò kote nou
yo. Nou pa menm swiv lòd moun lòt nasyon yo gen lakay
yo. 8 Se poutèt sa, men sa Seyè a, Bondye nan syèl la, di
ou: M'ap leve dèyè ou tou, mwen pral pini ou devan tout
lòt nasyon yo. 9 N'ap fè yon bann bagay mwen pa vle wè
menm. Se poutèt sa m'ap pini lavil Jerizalèm jan mwen
poko janm pini l', jan mwen p'ap janm pini l' ankò. 10 Se
poutèt sa, nan lavil Jerizalèm papa ak manman va manje
pwòp pitit yo, pitit va manje papa ak manman yo. M'ap
pini nou, m'ap gaye rès moun ki va rete yo toupatou. 11
Se poutèt sa, jan nou konnen mwen vivan vre a, se mwen
menm Seyè, Sèl Mèt la, k'ap pale: Paske nou derespekte
tanp mwen an ak tout vye bagay degoutan ansanm ak
bann bagay mwen pa vle wè menm nou te fè ladan l' yo,
mwen fè sèman, mwen menm tou m'ap san pitye pou
nou. M'ap voye nou jete, mwen p'ap kite nou yonn chape.
12 Pèp la ap fè twa pòsyon, yon pòsyon pral mouri anba
maladi ak grangou nan lavil la, yon lòt pòsyon pral mouri
nan lagè lòt bò miray ranpa lavil la. M'ap gaye rès la nan
tout direksyon. Lèfini, m'ap kouri dèyè yo ak nepe. 13 M'a
tire revanj mwen, m'ap krase yo dèske yo fè m' fè kòlè,
m'ap move sou yo jouk mwen pa kapab ankò. Lè sa a, y'a
rekonèt se mwen menm Seyè a ki te pale konsa ak yo,
paske yo te pouse m' fè jalouzi, mwen te fache sou yo
jouk mwen pa kapab ankò. 14 M'ap fè nou tounen yon
dezè nan mitan tout lòt peyi yo, yon wont pou moun k'ap
pase bò kote nou ye a. 15 Lè m'a fè kòlè a, lè m'a move
anpil sou nou an, lè m'a pini nou rèd mare jan mwen te vle
l' la, m'ap avili nou, m'ap fè nou tounen yon wont. N'a sèvi
yon avètisman pou tout nasyon ki bò kote nou yo, y'a soti
pè lè y'a wè sa ki rive nou. Se mwen menm Seyè a ki di
sa. 16 M'ap koupe viv nou, m'ap kite nou mouri grangou.
Nou pral santi doulè grangou a tankou si se flèch yo voye
sou nou pou touye nou. 17 M'ap voye grangou ak bèt nan
bwa k'ap touye tout pitit nou yo. Move maladi pral tonbe
sou nou, y'ap mete san nou deyò. M'ap voye lènmi vin fè
nou lagè. Se mwen menm Seyè a ki pale.

6 Seyè a pale avè m', li di m' konsa: 2 -Nonm o! Vire tèt
ou gade nan direksyon mòn peyi Izrayèl yo. Bay moun
yo mesaj mwen ba ou pou yo a. 3 W'a di moun nan mòn
peyi Izrayèl yo: Koute mesaj Seyè a, Bondye Sèl Mèt la.
Men sa li di moun nan mòn yo, nan ti mòn yo, nan ravin
yo ak nan fon yo. Mwen pral voye lènmi atake nou ak
nepe pou detwi tout kote nou konn fè sèvis pou zidòl yo.
4 Y'ap kraze tout lotèl nou yo, y'ap fè lotèl lansan nou yo
tounen miyèt moso. M'ap fè yo touye moun nou yo devan
vye zidòl yo a. 5 M'ap gaye kadav moun pèp Izrayèl yo
devan tout vye zidòl yo, m'ap mache gaye zosman yo tout
bò lotèl yo. 6 Y'ap detwi tout lavil ki nan peyi yo a. Y'ap
kraze met atè tout kote yo fè sèvis pou zidòl yo ansanm
ak tout lotèl yo. Y'ap kraze zidòl nou yo, y'ap disparèt yo.
Y'ap kraze lotèl lansan nou yo an miyèt moso. Tou sa nou
te fè ak men nou yo pral disparèt. 7 Anpil moun ap tonbe
mouri nan mitan nou. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm
ki Seyè a. 8 Men, m'ap kite de twa nan nou chape nan
lagè a. Lèfini m'ap gaye yo nan mitan lòt nasyon yo. 9
Moun ki va chape yo va chonje m' nan peyi kote y'ap
depòte yo a. Y'a chonje mwen te pini yo paske, nan fon
kè yo, yo te vire do ban mwen, mwen te fè yo wont paske
yo te kole je yo sou yon vye zidòl. Y'ap gen pwòp tèt yo
degoutans akòz bagay mal yo te fè pandan toutan yo te
lage kò yo nan sèvi zidòl. 10 Y'a konnen se mwen menm
ki Seyè a. Lè m' te di yo mwen t'ap voye tout malè sa yo
sou yo, se pa t' pale mete la m' t'ap fè. 11 Men sa Seyè a,
Bondye Sèl Mèt la, di ankò: -Mare ren ou, leve de bra ou
anlè! Rele gras lamizerikòd! Akòz tout bagay mal, bagay
mwen pa vle wè menm, moun pèp Izrayèl yo ap fè a,
yo pral mouri nan lagè, nan grangou, anba gwo maladi.
12 Moun ki lwen yo pral tonbe malad, y'ap mouri. Moun
pre yo pral mouri nan lagè. Sa ki va rete yo pral mouri
grangou. M'ap move sou yo jouk mwen p'ap kapab ankò.
13 Kadav yo pral gaye nan mitan zidòl bò lotèl yo, sou tèt
tout ti mòn yo, sou tèt tout gwo mòn yo, anba pyebwa
plen fèy vèt yo, anba gwo bwadchenn yo, kote yo te konn
boule bèt yo ofri pou fè zidòl yo plezi ak bon sant yo. Lè
sa a, y'a konnen se mwen men ki Seyè a. 14 Wi, m'ap
lonje men m' sou yo pou m' touye yo tout. M'ap fè dènye
kote yo te rete nan pèyi a tounen yon savann san moun
ladan l', depi dezè ki sou bò sid la rive lavil Ribla sou bò
nò. Lè sa a, y'a konnen se mwen menm ki Seyè a.

7 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: 2 -Nonm
o! Men mesaj mwen menm Seyè a, Bondye sèl Mèt
la, mwen bay pou peyi Izrayèl la: Fini! Se fini tout peyi
a nèt pral fini. 3 Koulye a, sa fini nèt pou nou! Mwen
pral move sou nou, paske mwen pral pini nou pou tou
sa nou fè. Mwen pral fè nou peye pou tout vye bagay
derespektan n'ap plede fè devan je mwen. 4 Mwen p'ap
gen pitye pou nou. Mwen p'ap fè pa nou. Mwen pral fè
nou peye pou tou sa nou fè. Mwen pral regle nou pou
tout vye bagay derespektan n'ap plede fè devan je m'
yo. Konsa n'a konnen se mwen menm ki Seyè a. 5 Men
sa Seyè a, Bondye sèl Mèt la, di ankò: -Malè sou malè
pral tonbe sou nou. 6 Lè a fin rive! Nou pa lwen fini nèt!
Dènye jou nou yo pa lwen rive. 7 Sa pral fini nèt pou
nou tout ki rete nan peyi a. Lè a ap pwoche, jou a pa
lwen ankò lè p'ap gen kè kontan sou mòn yo. Se pral yon
gwo kouri. 8 Koulye a, talè konsa, mwen pral fè nou santi

jan m' ka move. Mwen pral move sou nou jouk mwen
p'ap kapab ankò. Mwen pral pini nou pou tou sa nou
fè. M'ap fè nou peye pou tout vye bagay derespektan
n'ap plede fè devan je m' yo. 9 Mwen p'ap gen pitye pou
nou, mwen p'ap fè pa nou. Mwen pral fè nou peye pou
tou sa nou fè. Mwen pral regle nou pou tout vye bagay
derespektan n'ap plede fè devan je m' yo. Lè sa a, n'a
konnen se mwen menm Seyè a k'ap pini nou. 10 Men jou
malè a rive sou nou. Nou pral fini nèt! Baton nan dèyè
nou! Lwijanboje yo toupatou! 11 Mechan yo ap pran baton
pou kraze brize. Anyen p'ap rete nan richès nou yo, nan
bèl bagay nou yo ak nan gwo pouvwa nou yo. 12 Wi, lè a
rive, jou a ap pwoche. Moun k'ap achte yo pa bezwen
fè kè yo kontan. Moun k'ap vann yo pa bezwen règrèt
anyen paske chatiman Bondye pral tonbe sou tout richès
ki nan peyi a. 13 Machann yo ap gen tan mouri anvan
yo touche lajan pou sa yo te vann lan, paske wè pa wè,
vizyon an gen pou rive vre, tout moun gen pou pase. Tout
moun te lage kò yo nan fè mechanste san sa pa rapòte
yo anyen. 14 Twonpèt la kònen. Tout bagay fin pare! Men,
pesonn p'ap leve al goumen paske chatiman Bondye a
pral tonbe sou tout moun ki nan peyi a. 15 Batay nan
tout lari! Maladi ak grangou nan tout kay! Moun ki andeyò
nan jaden yo pral mouri nan lagè. Moun ki anndan lavil
la, grangou ak maladi pral fini ak yo. 16 Genyen ki va
chape kò yo al nan mòn, tankou ranmye k'ap vole kite fon
yo. Yo pral plenn sò yo pou tou sa yo fè ki mal. 17 Bra
tout moun pral san fòs, yo p'ap ka kanpe sou janm yo
tèlman y'ap pè. 18 Yo pral mete rad sak sou yo. Yo pral
tranble nan tout kò yo. Yo pral wont, y'ap kale tèt yo nèt.
19 Y'ap voye tou sa yo genyen ki fèt an ajan jete nan lari.
Yo p'ap ka santi sa yo genyen ki fèt an lò. Paske jou sa a,
ni lò, ni ajan p'ap ka sove yo anba kòlè Bondye. Yo p'ap
ka fè bouch yo plezi, ni yo p'ap ka manje plen vant yo.
Paske se pou bagay sa yo yo te fè tout mechanste sa yo.
20 Bèl bijou yo te genyen yo vire lòlòj yo. Yo sèvi ak yo
pou fè estati zidòl, bagay ki derespektan, bagay mwen
pa vle wè menm. Se poutèt sa, m'ap fè yo p'ap ka santi
richès yo. 21 M'ap lage tout richès yo nan men moun
lòt nasyon k'ap piye yo. Yon bann sanzave ap vòlò tout
richès yo, y'ap trennen yo nan labou. 22 M'ap fèmen je m'
pou m' pa wè lè y'ap trennen trezò tanp lan nan labou,
lè vòlò va antre nan tanp lan pou yo derespekte l'. 23
Tout bagay pral tèt anba. Peyi a plen ansasen k'ap touye
moun. Nan lavil la, moun ap kraze brize. 24 M'ap fè pèp
ki pi mechan sou latè a mache sou yo, y'ap pran tout kay
yo pou yo. M'ap kraze lògèy lwijanboje yo, lè moun sa
yo va derespekte tout kote yo te konn fè sèvis pou zidòl
yo. 25 Tout moun pral gen kè sere. Yo ta renmen gen kè
poze, men yo p'ap kapab. 26 Malè ap tonbe sou yo yonn
apre lòt. Yon seri move nouvèl ap vini yonn dèyè lòt. Yo
pral mande pwofèt la ki vizyon li fè pou yo. Prèt yo p'ap
gen anyen pou moutre pèp la. Granmoun yo p'ap gen
konsèy pou ba yo. 27 Wa a pral nan gwo lapenn. Pitit wa
a pral rete sezi, tout pèp la pral tranble. M'ap pini yo pou
sa yo fè, m'ap fè yo menm sa yo te fè lòt moun. Lè sa a,
y'a konnen se mwen menm ki Seyè a.

8 Nan senkyèm jou sizyèm mwa nan sizyèm lanne
depi yo te depòte pèp la, mwen te chita lakay mwen
ansanm ak chèf pèp Jida yo ki te reyini lakay mwen.
Mwen rete konsa mwen santi pouvwa Seyè a, Bondye
Sèl Mèt la, desann sou mwen. 2 Mwen leve je m' gade,
mwen wè yon fòm ki te sanble ak yon moun. Depi nan ren
l' desann, kò l' te tankou yon flanm dife. Depi nan ren l'
moute, li te klere tankou kwiv byen poli. 3 Mwen wè l'
lonje men l' tankou men yon moun, li pran m' nan cheve.
Nan vizyon an, li leve m' byen wo nan syèl la, li mennen
m' lavil Jerizalèm, devan pòtay anndan ki bay sou bò nò a,
kote yo te mete yon estati zidòl ki te lakòz Bondye ankòlè.
4 La, mwen wè yon gwo bèl limyè ki te fè m' konprann se
Bondye pèp Izrayèl la ki te la, menm jan mwen te wè l'
nan fon an. 5 Bondye di m' konsa: -Nonm o! Vire je ou
gade bò nan nò! Mwen vire je m' gade bò nan nò. Mwen
wè toupre lotèl ki bò pòtay kote moun pase pou antre
a, estati zidòl ki te lakòz Bondye ankòlè a. 6 Bondye di
m' ankò: -Nonm o! Eske ou wè sa y'ap fè? Gade tout
bagay derespektan moun pèp Izrayèl yo ap plede fè pou
yo fè m' kite tanp mwen an. Ou gen pou wè bagay ki pi
mal pase sa toujou. 7 Li pran m', li mennen m' nan pòtay
ki bay sou lakou anndan an, li moutre m' yon twou nan
miray la. 8 Li di m' konsa: -Nonm o! Fè yon gwo twou nan
miray la. Mwen fè gwo twou a. Lèfini, mwen jwenn yon
pòt. 9 Li di m' konsa: -Louvri pòt la antre! Gade tout kalite
vye bagay derespektan moun sa yo ap fè la a! 10 Mwen
antre, mwen gade. Tout miray la nèt te kouvri ak pòtre
koulèv, pòtre tout kalite bèt yo pa gen dwa manje ak pòtre
lòt vye zidòl moun pèp Izrayèl yo ap sèvi. 11 Swasanndis
nan chèf fanmi pèp Izrayèl yo te kanpe la devan zidòl yo.
Yonn ladan yo te Jazanya, pitit Chafan an. Yo chak te
kenbe yon lansanswa nan men yo. Gwo lafimen lansan
t'ap moute. 12 Bondye di m' konsa: -Nonm o! Eske ou wè
sa chèf fanmi pèp Izrayèl yo ap plede fè an kachèt? Yo
rete ap fè sèvis nan yon chanm kay plen zidòl. Men eskiz
yo bay: O wi! Bondye pa wè nou! Bondye vire do l' bay
peyi a! 13 Apre sa, Seyè a di m' ankò: -Ou gen pou wè
yo ap fè bagay ki pi derespektan toujou. 14 Lè sa a, li
mennen m' bò pòtay nò tanp lan, li moutre m' yon bann
fanm ki chita ap kenbe yon rèl lanmò pou zidòl yo rele
Tamouz la. 15 Li di m' konsa: -Nonm o! Ou wè sa, pa vre?
Ou gen pou ou wè gwo bagay pi derespektan ankò y'ap
fè. 16 Li mennen m' nan lakou anndan tanp lan. Mwen wè
vennsenk nèg konsa kanpe bò pòt pou antre nan kote ki
apa nèt pou Seyè a, nan mitan lotèl la ak galeri a. Yo te
bay tanp lan do. Fas yo vire bò solèy leve. Yo bese tèt yo
byen ba, y'ap fè sèvis pou solèy la k'ap leve. 17 Seyè a di
m' konsa: -Nonm o! Eske ou wè sa? Moun peyi Jida sa yo
ap fè tout vye bagay derespektan y'ap plede fè yo. Y'ap
mache fè mechanste nan tout peyi a. Men sa pa kont yo
toujou, se pou yo vini jouk isit la nan tanp lan pou fè yo,
pou yo fè m' pi move toujou. Men y'ap fè move jès pou

derespekte m', yo mete yon ti branch bwa anba nen yo.
18 Mwen menm tou mwen pral fè yo santi jan mwen move
sou yo. Yo mèt rele byen fò nan zòrèy mwen. Mwen p'ap
tande yo. Mwen p'ap gen pitye pou yo. Yo mèt rele jan yo
vle nan zòrèy mwen, mwen p'ap pran priyè.

9 Apre sa, mwen tande Bondye pale byen fò nan zòrèy
mwen. Li di konsa: -Pwoche non, nou tout ki pral pini
lavil la. Pwoche ak zam nou nan men nou! 2 Lamenm, sis
gason parèt nan pòtay ki bay sou nò nan lakou tanp lan.
Yo chak te gen yon zam nan men yo. Nan mitan yo te gen
yon nonm ak yon rad twal fin tou blan sou li. Li te gen yon
poban lank mare nan ren l'. Yo antre, yo kanpe bò lotèl an
kwiv la. 3 Lè sa a, gwo bèl limyè ki make prezans Bondye
pèp Izrayèl la soti anwo tèt bèt vivan yo kote l' te ye a, li
deplase, li al rete nan papòt pou antre nan tanp lan. Seyè
a rele nonm ak rad twal fin blan an ki te gen poban lank
mare nan ren l' lan. 4 Li di l' konsa: -Ale nan tout lavil
Jerizalèm. Mete yon mak sou fwon tout moun w'a wè k'ap
plenn, ki nan gwo lapenn pou tout vye bagay derespektan
k'ap fèt nan lavil la. 5 Mwen tande li di lòt mesye yo: -
Mache dèyè l' nan tout lavil la. Epi touye! Pa gen pitye pou
pesonn. Pa kite pesonn chape! 6 Touye ni granmoun, ni
jenn gason, ni jenn fi, ni fanm, ni timoun. Men, pa manyen
moun ki gen mak sou fwon yo. Konmanse depi nan tanp
mwen an. Yo konmanse ak chèf fanmi ki te kanpe nan
Tanp lan. 7 Bondye di yo: -Derespekte Tanp lan! Plen
lakou a kadav. Ale non! Se konsa yo konmanse touye
moun nan lavil la. 8 Pandan yo t'ap touye moun yo, mwen
te rete pou kont mwen. Mwen tonbe ajenou, mwen bese
tèt mwen atè, mwen rele byen fò: -Wouy! Seyè Bondye sèl
Mèt la, èske ou pral touye tout rès pèp Izrayèl la, paske
nan kòlè ou ou soti pou pini lavil Jerizalèm? 9 Li reponn
mwen: -Moun peyi Izrayèl yo ansanm ak moun peyi Jida
yo fè anpil wi! Se san k'ap koule toupatou nan peyi a.
Lavil Jerizalèm plen moun k'ap fè lenjistis. Y'ap plede di
mwen menm, Seyè a, mwen vire do bay peyi a, mwen pa
wè yo. 10 Enben, mwen p'ap gen pitye pou yo, mwen
p'ap fè pa yo. M'ap fè yo peye pou sa yo fè. 11 Apre sa,
nonm ki te gen rad twal fin tou blan sou li a ak poban lank
mare nan ren l' lan tounen. Li fè rapò l' bay Seyè a, li di l'
konsa: -Mwen fè tou sa ou te ban m' lòd fè a.

10 Mwen gade gwo bòl kristal ki te sou tèt kat bèt vivan
yo. Anwo yo, mwen wè yon bagay ou ta di yon gwo
fotèy fèt an pyè safi. 2 Bondye pale ak nonm ki te gen
rad twal fin tou blan an. Li di l' konsa: -Antre nan fant ki
nan mitan wou yo, anba bèt vivan yo. Pran yon ponyen
chabon dife tou limen. Lèfini, gaye yo sou tout lavil la.
Mwen wè l' ale vre. 3 Gwo bèt vivan yo te kanpe sou bò
sid tanp lan lè li antre a. Yon gwo nwaj anvayi tout lakou
anndan tanp lan. 4 Bèl limyè prezans Seyè a leve anwo
tèt bèt vivan yo, li al kanpe nan papòt tanp lan. Nwaj la
anvayi tout tanp lan. Lakou a menm te klere ak gwo limyè
prezans Seyè a. 5 Yo te ka tande bri zèl bèt vivan yo jouk
nan lakou deyò a. Se te tankou vwa Bondye ki gen tout
pouvwa a lè l'ap pale. 6 Lè Seyè a te bay nonm ak rad
twal fin blan an lòd pou l' te al pran chabon dife nan mitan
wou yo ki anba bèt vivan yo, nonm lan ale, li kanpe toupre
yonn nan wou yo. 7 Yonn nan bèt vivan yo lonje men l'
nan dife ki te nan mitan yo a, li pran kèk chabon dife, li
mete yo nan men nonm ak rad twal fin blan an. Nonm lan
pran chabon dife yo, li soti. 8 Lè sa a, mwen wè bèt vivan
yo te gen yon bagay ki te sanble ak men moun anba zèl
yo. 9 Mwen gade, mwen wè te gen kat wou, yonn bò kote
chak bèt vivan yo. Wou yo te klere tankou pyè krizolit. 10
Chak wou te gen yon lòt wou antravè nan mitan yo. Kat
wou yo te gen menm fòm. 11 Lè bèt vivan yo ap mache,
yo te gen dwa pran nenpòt ki direksyon san yo pa bezwen
vire. Yo te mache ansanm nan direksyon yo te vle ale,
san yo pa t' bezwen vire. 12 Yo te gen je sou tout kò yo,
nan do yo, sou tout men yo, nan zèl yo. Te gen je sou tout
kat wou yo tou. 13 Wou yo te tankou wou mwen te wè
nan premye vizyon mwen an. Mwen tande yo te rele wou
yo Toubouyon. 14 Chak gwo bèt vivan yo te gen kat figi.
Premye figi gwo bèt vivan yo te tankou tèt yon towo bèf,
dezyèm lan tankou tèt yon moun, twazyèm lan tankou tèt
yon lyon, katriyèm lan tankou tèt yon malfini. 15 Se te
menm bèt mwen te wè bò larivyè Keba a. Lè yo vole anlè,
16 y'ap deplase, wou yo deplase ansanm avèk yo tou. Lè
yo louvri zèl yo pou yo vole, wou yo vole ansanm ak yo
tou. 17 Lè bèt vivan yo rete an plas, wou yo rete an plas
tou. Lè bèt vivan yo vole, wou yo vole ak yo tou, paske se
gwo bèt vivan yo ki t'ap kontwole wou yo. 18 Lè sa a, bèl
limyè prezans Seyè a soti bò papòt tanp lan, li al kanpe
anwo bèt vivan yo. 19 Bèt vivan yo louvri zèl yo. Yo vole
soti sou tè a devan je m'. Epi wou yo vole ale ak yo tou. Y'
al poze sou papòt pòtay tanp Seyè a ki bay sou bò solèy
leve. Bèl limyè prezans Bondye pèp Izrayèl la te anlè yo.
20 Mwen rekonèt se te menm bèt vivan mwen te wè anba
Bondye pèp Izrayèl la bò larivyè Keba. 21 Yo chak te gen
kat figi, kat zèl ak yon fòm men moun anba chak zèl. 22
Figi yo se te menm figi mwen te wè bò larivyè Keba a.
Chak bèt vivan t'ap mache dwat devan yo.

11 Apre sa, Lespri Bondye a pran m', li leve m' anlè, li
mennen m' bò gwo pòtay tanp lan ki bay sou solèy
leve. Toupre pòtay la, mwen wè vennsenk gason. Pami yo
te gen de chèf peyi a, Jazanya, pitit gason Azou a, ak
Pelatya, pitit gason Benaja a. 2 Bondye di m' konsa: -
Nonm o! Mesye sa yo gen move lide ap travay dèyè tèt
yo. Y'ap bay move konsèy nan lavil la. 3 Y'ap plede di:
Talè konsa nou p'ap ka bati kay ankò! Lavil la tankou yon
chodyè sou dife, nou menm, nou tankou vyann ladan l'.
Nou pa bezwen fè anyen kote nou ye a. 4 Se poutèt sa,
nonm o! Men mesaj m'ap ba ou pou ou di sou yo. 5 Lespri
Seyè a desann sou mwen ankò. Seyè a ban m' lòd pou
m' bay pèp la mesaj sa a: -Nou menm fanmi Izrayèl la,
mwen konnen sa n'ap di, mwen konnen lide nou gen dèyè
tèt nou. 6 Nou sitèlman touye moun isit nan lavil la, lari yo
plen kadav. 7 Konsa, men sa mwen menm, Seyè sèl Mèt
la, m'ap di nou: Wi, lavil la tankou yon chodyè. Men kisa

ki vyann lan? Se kadav moun nou touye yo! Nou menm
menm m'ap fè yo mete nou deyò nan lavil la. 8 Nou pè
lagè, pa vre? Enben, m'ap voye lagè sou nou! Se mwen
menm menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa. 9 M'ap fè yo mete
nou deyò nan lavil la. M'ap lage nou nan men moun lòt
nasyon yo. M'ap pini nou jan m' te pwomèt nou sa a. 10
N'ap mouri nan lagè nan mitan peyi nou an. Se la m'ap
pini nou. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
11 Lavil sa a p'ap pwoteje nou jan chodyè pwoteje vyann
ki ladan l'. Se nan mitan peyi Izrayèl la menm m'ap pini
nou. 12 Wi, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a. Pase
pou nou te swiv lòd mwen yo, pase pou n' te fè sa m'
mande nou fè, nou te pito swiv vye mès pèp k'ap viv
nan peyi ki bò kote nou yo. 13 Antan m'ap bay mesaj la,
Pelatya, pitit gason Benaja a, tonbe li mouri frèt. Mwen
lage kò m' ajenou, mwen bese tèt mwen jouk atè, mwen
rele byen fò, mwen di: -O Seyè, Bondye sèl Mèt la! Eske
ou pral touye ti rès moun ki rete nan pèp Izrayèl la? 14
Seyè a pale avè m' ankò, li di: 15 -Nonm o! Moun ki rete
lavil Jerizalèm yo ap pale sou ou, sou frè ou, sou fanmi
ou, sou tout moun pèp Izrayèl yo te depòte yo. Y'ap di:
Moun yo depòte yo twò lwen pou yo ka fè sèvis pou Seyè
a, se konsa Seyè a ban nou peyi a pou rele nou pa nou.
16 Se poutèt sa, men mesaj Seyè a, Bondye sèl Mèt la,
bay pou moun yo depòte yo. Wi, se mwen menm ki te
voye yo al viv byen lwen nan mitan lòt nasyon yo, mwen
gaye yo nan yon bann lòt peyi. Men, m'ap toujou la avèk
yo nan peyi kote yo ale a tankou si m' te nan kay yo mete
apa pou mwen an. 17 Se poutèt sa, men sa mwen menm,
Seyè a, Bondye sèl Mèt la, m'ap di yo: M'ap pran yo nan
mitan nasyon kote mwen te gaye yo a, m'ap sanble yo.
M'ap fè yo soti kite peyi sa yo, m'ap ba yo peyi Izrayèl la
ankò pou yo. 18 Lè y'a tounen, y'a wete tout vye zidòl y'a
jwenn ansanm ak tout vye bagay derespektan ki t'ap fèt
nan peyi a. 19 M'ap ba yo yon lòt kè, yon lòt lespri. M'ap
wete kè di kou wòch yo te genyen nan lestonmak yo a,
m'ap ba yo yon kè ki gen bon santiman. 20 Konsa, y'a
mache dapre lòd m'a ba yo. Y'a fè tou sa m'a mande yo
fè. Y'a koute m' lè m'a pale yo. Se pèp pa m' lan menm
yo pral ye, mwen menm mwen pral Bondye yo. 21 Men,
m'ap pini moun ki pa vle lage vye zidòl yo, ki toujou soti
pou yo fè vye bagay derespektan yo. M'ap pini yo pou
sa yo fè. Se mwen menm, Seyè a, Bondye sèl Mèt la,
ki pale. 22 Bèt vivan yo pran vole, wou yo pati ansanm
ak yo. Bèl limyè prezans Bondye pèp Izrayèl la te anwo
yo. 23 Bèl limyè prezans Seyè a soti kite lavil la, li ale
poze sou mòn ki te sou bò solèy leve a. 24 Nan vizyon an
toujou, mwen wè lespri Bondye a pran m', li mennen m'
tounen lavil Babilòn nan mitan moun yo te depòte yo.
Lèfini, vizyon an disparèt. 25 Mwen rakonte moun yo te
depòte yo tou sa Seyè a te fè m' wè.

12 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: 2 -Nonm
o! Se nan mitan yon move ras moun ki gen tèt di ou
rete la a. Yo gen je, men yo pa wè anyen. Yo gen zòrèy,
men yo pa tande anyen, paske se yon move ras moun
wòklò ki gen tèt di yo ye. 3 Koulye a, ou menm nonm
o! Fè pakèt ou tankou yon moun k'ap kouri pou danje.
Pati kite peyi a devan je yo gwo lajounen. W'a fè yo tout
wè ou ap pati kite kote ou ye a pou ou ale yon lòt kote
ou pa janm konnen! Sa ka fè yo rekonèt jan yo gen tèt
di. 4 Gwo lajounen w'a fè pakèt ou pati, pou yo ka wè
ou. Lèfini, kite yo wè ou aswè ap soti tankou moun y'ap
depòte yo. 5 Antan y'ap gade ou, w'a fè yon twou nan
miray la, w'a pase soti ladan l' ansanm ak pakèt ou a. 6
La, devan je yo, w'a mete pakèt la sou zepòl ou, w'a met
deyò nan fènwa a. W'a bouche je ou pou ou pa wè kote
ou prale. Sa ou pral fè a va sèvi yon siy pou avèti moun
pèp Izrayèl yo. 7 Mwen fè tou sa Seyè a te ban mwen
lòd fè a. Jou sa a, gwo lajounen, mwen fè pakèt mwen
tankou yon moun y'ap depòte ta fè l'. Nan aswè, mwen fè
yon twou ak men m' nan miray la, mwen soti nan fènwa a.
Antan tout moun la ap gade m', mwen chaje pakèt mwen
sou zepòl mwen, m' ale. 8 Nan denmen maten, Seyè
a pale avè m' ankò, li di m': 9 -Nonm o! Lè moun pèp
Izrayèl yo, move ras moun tèt di sa yo, va mande ou sa
w'ap fè la a, 10 w'a di yo: Men mesaj Seyè Bondye sèl
Mèt la voye ba yo. Mesaj sa a se va yon avètisman pou
chèf lavil Jerizalèm lan ansanm ak pou tout moun pèp
Izrayèl ki rete nan lavil la. 11 W'a di yo tou sa ou te fè a,
se tankou yon avètisman pou sa ki pral rive yo. Yo pral fè
yo prizonye, y'ap depòte yo. 12 Chèf k'ap gouvènen yo a
pral mete pakèt li sou zepòl li nan fènwa, l'ap chape kò l'
nan yon twou y'a fè nan miray la pou li. L'ap bouche figi l'
pou yo pa rekonèt li, li pa menm wè kote l'ap mete pye l'.
13 M'ap voye privye mwen dèyè li, m'ap pran l' ladan l'.
Lèfini, m'ap mennen l' lavil Babilòn nan peyi moun Kalde
yo. Men, l'ap mouri nan peyi sa a san li p'ap janm wè l' ak
je l'. 14 M'ap gaye tout moun ki te avè l' yo, gad pèsonèl li
yo ak tout sòlda li yo, y'ap pran kouri nan tout direksyon.
Men, m'ap fè lènmi kouri dèyè yo pou touye yo. 15 Lè
m'a fin gaye yo tout nan mitan lòt nasyon yo, lè m'a fin
simaye yo nan divès peyi etranje, lè sa a, y'a konnen se
mwen menm ki Seyè a. 16 Men, m'ap kite de twa ladan
yo chape, yo p'ap touye yo nan lagè, yo p'ap mouri nan
grangou, ni anba move maladi. Konsa, lè y'a nan mitan lòt
nasyon yo, y'a rakonte jan yo te fè bagay ki derespektan,
y'a konnen se mwen menm ki Seyè a. 17 Seyè a pale
avè m' ankò, li di m' konsa: 18 -Nonm o! Lè w'ap manje,
tranble kou fèy bwa. Bwè dlo ou ak kè sote, ak kè sere.
19 W'a di moun peyi a men mesaj Seyè Bondye sèl Mèt la
voye bay moun lavil Jerizalèm yo k'ap viv toujou nan peyi
a: Y'ap manje ak kè sere, y'ap bwè ak kè sote. Peyi a pral
tounen yon savann, p'ap gen anyen ladan l' ankò. Tou sa,
akòz mechanste moun k'ap viv ladan l' yo. 20 Yo pral
detwi lavil ki plen moun yo. Peyi a ap tounen yon dezè. Lè
sa a, y'a konnen se mwen menm ki Seyè a. 21 Seyè a
pale avè m' ankò, li di m' konsa: 22 -Nonm o! Poukisa
moun pèp Izrayèl yo ap plede repete pawòl sa a: Jou yo
ap pase yonn apre lòt, sa yo te di k'ap rive a pa rive? 23
Koulye a, di yo men mesaj Seyè a, Bondye sèl Mèt la,

voye ba yo: Mwen pral fè yo sispann repete pawòl sa a.
Yo p'ap janm tande l' ankò nan bouch moun pèp Izrayèl
yo. Di yo: Men jou a rive. Men sa yo te di ki pou rive a
pral rive vre! 24 Nan mitan pèp Izrayèl la, p'ap gen moun
k'ap fè vizyon pou twonpe moun ankò, p'ap gen pwofèt
pou bay manti. 25 Se mwen menm Seyè a ki pral pale ak
yo. Sa m'a di a gen pou l' rive, l'ap rive vre. Tande byen,
bann moun wòklò, nou p'ap mouri anvan li rive. Non, se
p'ap bagay k'ap pran twòp tan pou li rive. Sa mwen pral di
a, m'ap fè l' rive vre. Se mwen menm Seyè ki sèl Mèt la ki
di sa. 26 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: 27 -
Nonm o! Moun pèp Izrayèl yo ap di vizyon w'ap fè a poko
prèt pou l' rive. Mesaj w'ap bay yo, se pa pou yo, y'a gen
tan mouri anvan sa ou di a rive. 28 Se poutèt sa, w'a di
yo: Men sa Seyè a, Bondye sèl mèt la, voye di yo: Mesaj
m'ap bay la p'ap pran tan pou l' rive vre. Pawòl m'ap di a
pral rive. Se mwen menm Seyè a, Bondye sèl Mèt la, ki di
sa.

13 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: 2 -Nonm o!
Denonse pwofèt pèp Izrayèl yo. Denonse moun sa
yo k'ap bay mesaj yo menm yo fè. Di yo: Manyè koute
pawòl Seyè a. 3 Men mesaj Seyè a, Bondye sèl Mèt la,
di: Madichon pou bann pwofèt egare sa yo! Se yo menm
ki fè mesaj y'ap bay la. Yo pa janm fè ankenn vizyon vre.
4 Moun Izrayèl yo, koute: Pwofèt nou yo p'ap sèvi nou
anyen, se tankou chat mawon k'ap viv nan vye kay kraze.
5 Yo pa t' moute lagad kote miray la te make kraze a, ni
yo pa t' rebati miray yo. Konsa, moun Izrayèl yo pa gen
defans lè lagè va pete jou jijman Seyè a. 6 Vizyon y'ap fè
yo se pou twonpe moun, mesaj y'ap bay yo se manti. Yo
pretann di se mesaj Bondye y'ap bay. Men, se pa mwen
menm ki janm pale ak yo. Lèfini, yo konprann pou m' fè
sa yo di k'ap rive a rive vre. 7 Mwen tou di yo: Vizyon
y'ap fè yo se tèt yo y'ap twonpe. Mesaj y'ap bay yo se
manti. Y'ap plede di men mesaj Bondye bay. Men, mwen
pa t' janm pale ake yo. 8 Se poutèt sa, men sa Seyè a,
Bondye sèl Mèt la, di yo: Se twonpe n'ap twonpe moun ak
pawòl nou yo. Tout vizyon nou yo se manti. Se poutèt sa
m'ap leve dèyè nou tou! Se mwen menm Seyè a, Bondye
sèl Mèt la, ki di sa. 9 Mwen pral pini pwofèt k'ap fè vizyon
pou twonpe moun, k'ap bay mesaj ki pa laverite. p'ap gen
plas pou yo lè pèp la va reyini. Yo p'ap gen non yo sou lis
fanmi pèp Izrayèl yo. Yo p'ap janm tounen nan peyi a
ankò. Lè sa a, y'a konnen se mwen menm ki Seyè a,
Bondye sèl Mèt la. 10 Pwofèt yo ap woule pèp mwen
an. Anyen p'ap mache nan peyi a. Yo menm menm, y'ap
plede di tout bagay ap mache byen. Pèp la ap moute yon
miray wòch san mòtye, pwofèt yo menm vini, yo blanchi l'
ak dlo lacho. 11 Di moun k'ap pase dlo lacho sou miray
la: Miray la pral tonbe. Mwen pral voye yon gwo lapli.
Lagrèl pral tonbe, yon gwo van tanpèt pral soufle. 12 Lè
miray la fin tonbe, y'a mande yo kisa dlo lacho a te fè pou
miray la. 13 Enben, men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di:
Mwen pral fè yon sèl kòlè, m'ap voye yon gwo van tanpèt,
yon gwo lapli ak lagrèl ki pral tonbe pou kraze miray la.
14 M'ap lage miray nou te blanchi ak lacho a atè, m'ap
kraze l' ratè, wòch fondasyon yo pral parèt deyò. Miray la
ap tonbe sou nou, l'ap kraze nou. Lè sa a, nou tout va
konnen se mwen menm ki Seyè a. 15 Mwen pral move
sou miray la ansanm ak tout moun ki te blanchi l' ak lacho
a. Lè m'a fin fè yo sa m' gen pou m' fè yo a, m'a di nou:
Miray la pa la ankò, ni bann moun ki te blanchi l' ak lacho
a, 16 bann pwofèt pèp Izrayèl yo k'ap bay bèl mesaj pou
lavil Jerizalèm lan. Anyen p'ap mache nan peyi a, epi yo
menm y'ap plede di yo fè vizyon tout bagay ap mache
byen. Se mwen menm Seyè a, Bondye sèl Mèt la, ki di sa.
17 Seyè a di ankò: -Nonm o! Koulye a, vire tèt ou gade
nan direksyon medam k'ap fè mesaj yo yo menm! Yo pran
pòz pwofèt yo nan mitan pèp Izrayèl la! Denonse yo! 18
Lèfini, di yo men sa Seyè a, Bondye sèl Mèt la, voye di
yo: Madichon pou nou, medam! N'ap mare kòd wanga
nan ponyèt tout moun. N'ap moute mouchwa tèt pou tout
kalite moun pou yo ka gen pouvwa pran nanm moun.
Nou dèyè pou nou gen pouvwa fè sa nou vle ak nanm
lòt moun san anyen pa rive nou. 19 N'ap derespekte
mwen devan pèp mwen an. Pou kèk ponyen grenn lòj ak
kèk moso pen n'ap touye moun ki pa merite mouri, n'ap
sove moun ki pa merite viv ankò. N'ap bay pèp mwen an
yon bann manti. Yo menm, yo byen kontan kwè nou. 20
Enben! Men sa Seyè a, Bondye sèl Mèt la, di: Mwen pa
vle wè kòd wanga nan ponyèt nou yo. Se ak yo nou sèvi
pou nou pran nanm lòt moun tankou zwezo nan pèlen.
M'ap rache yo nan ponyèt nou. M'ap delivre moun nou te
pran nan pèlen yo pou y' al fè wout yo. 21 M'ap rache
mouchwa tèt nou yo, m'ap sove pèp mwen an anba men
nou. Nou p'ap ka fè sa nou vle ak yo ankò. Lè sa a, n'a
konnen se mwen menm ki Seyè a. 22 Mwen pa ta renmen
anyen rive bon moun yo. Men nou menm, avèk manti n'ap
bay yo, n'ap dekouraje yo. N'ap ankouraje mechan yo
pou yo pa chanje. Nou pa ba yo chans sove lavi yo. 23
Enben! Se poutèt sa koulye a, nou p'ap fè vizyon pou
twonpe moun ankò, ni nou p'ap ba yo manti sou sa ki pral
rive yo. Mwen pral sove pèp mwen an anba men nou.
Konsa, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a.

14 Lè sa a, gen kèk chèf fanmi Izrayèl yo ki te vin kote
m' pou m' te fè yo konnen volonte Bondye. 2 Se
konsa, Seyè a pale avè m', li di m' konsa: 3 -Nonm o!
Moun sa yo lage kò yo bay zidòl nèt. Yo kite zidòl pran
nanm yo pou fè sa ki mal. Yo met nan tèt yo mwen pral
kite yo vin mande m' konsèy? 4 Enben, pale ak yo, di yo
konsa: Men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba yo: Tout moun
nan pèp Izrayèl la ap lage kò yo bay zidòl yo nèt, yo kite
zidòl pran nanm yo pou fè sa ki mal. Lèfini, y'ap vin jwenn
pwofèt Bondye a! Se mwen menm menm, Seyè a, k'ap ba
yo repons yo merite poutèt kantite zidòl y'ap sèvi yo. 5
Zidòl yo te fè moun pèp Izrayèl yo vire do ban mwen.
Men, m'ap reponn yo pou yo ka tounen vin jwenn mwen
ankò. 6 Koulye a, men sa pou ou di moun pèp Izrayèl
yo, men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba yo: Tounen vin
jwenn mwen. Vire do bay zidòl nou yo, sispann fè vye

bagay derespektan sa yo. 7 Chak fwa yonn nan moun
pèp Izrayèl yo osinon yonn nan moun lòt nasyon k'ap viv
nan mitan pèp mwen an va vire do ban mwen pou li al
sèvi zidòl, si li kite zidòl pran nanm li pou li fè sa ki mal,
lèfini pou li konprann pou li al jwenn pwofèt Bondye a pou
mande l' mande m' anyen, se mwen menm menm, Seyè
a, ki pral ba li repons la. 8 M'ap kenbe tèt ak li. M'ap fè l'
tounen yon egzanp pou yo mete non l' nan chante. M'ap
wete l' nan mitan pèp mwen an. Lè sa a, n'a konnen se
mwen menm ki Seyè a. 9 Si yon pwofèt kite yo pran tèt li
pou li pa pale verite, se mwen menm k'ap kite yo pran tèt
li. M'ap lonje men m' sou li pou m' pini l', m'ap wete l' nan
mitan pèp mwen an, pèp Izrayèl la. 10 Ni pwofèt la, ni
moun ki te vin jwenn li an ap peye pou sa yo fè. Y'ap
resevwa menm chatiman an. 11 Konsa, moun pèp Izrayèl
yo p'ap vire do ban mwen ankò. Yo pa pral avili tèt yo nan
fè sa ki mal. Lè sa a, se pèp mwen y'ap ye, se mwen
menm k'ap Bondye yo. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la,
ki di sa. 12 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: 13 -
Nonm o! Si moun k'ap viv nan yon peyi peche kont mwen,
si yo pa kenbe pawòl yo ak mwen, m'ap lonje men m' sou
yo pou m' pini yo. M'ap koupe viv yo. M'ap fè yon sèl
grangou tonbe sou yo, m'ap touye ni moun, ni bèt nan
peyi a. 14 Si twa moun dwat sa yo, Noe, Danèl ak Jòb,
ta nan mitan yo, se yo menm ase ki t'ap sove lavi yo,
paske se yo ki te mache dwat. Se mwen menm, Seyè sèl
Mèt la, ki di sa. 15 Ou ankò, mwen ta ka voye bèt sovaj
touye tout moun nan peyi a, pou fè peyi a tounen yon
dezè moun pè travèse poutèt bèt sovaj sa yo. 16 Si twa
moun sa yo ta nan mitan yo, jan nou konnen mwen vivan
vre a, -se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, k'ap pale, -yo pa
ta ka sove ata pwòp pitit gason ak pitit fi yo. Se yo ase ki
t'ap sove. Tout peyi a t'ap tounen yon dezè. 17 Ou ankò,
mwen ta ka voye lagè sou peyi a. Mwen ta ka bay lòd pou
nan lagè a yo touye dènye moun ak dènye bèt. 18 Si twa
mesye sa yo ta nan peyi a, jan nou konnen mwen vivan
vre a, -se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, k'ap pale, -yo pa
ta ka sove ata pwòp pitit gason ak pitit fi yo. Yo ase ki ta
sove. 19 Si mwen ta voye yon move maladi sou peyi a, si
mwen ta move sou li jouk pou m' ta voye yon maladi san
renmèd pou m' touye ni moun ni bèt, 20 epi si Noe, Danèl
ak Jòb te la nan peyi a, jan nou konnen mwen vivan vre
a, -se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, k'ap pale, -yo pa
ta sove ata pwòp pitit gason ak pitit fi yo. Se yo ase ki
ta sove lavi yo, paske se yo ki te mache dwat. 21 Men
sa Seyè, Bondye sèl Mèt la, di ankò: M'ap voye kat pi
gwo chatiman m' yo sou lavil Jerizalèm: lagè, grangou,
bèt sovaj ak move maladi, pou yo touye dènye moun ak
dènye bèt. 22 Men, si nou wè gen kèk moun ki chape, epi
ki sove pitit gason yo ak pitit fi yo, gade yo byen lè y'a
vin jwenn nou. Gade jan yo viv, gade sa yo fè. Lè sa a,
n'a wè si m' pa t' gen rezon voye tout malè sa yo sou
lavil Jerizalèm. 23 Wi, lè n'a wè jan moun sa yo t'ap viv
ak sa yo t'ap fè, n'a konnen mwen te gen rezon fè lavil
Jerizalèm sa m' te fè l' la. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt
la, ki di sa.

15 Seyè a pale avè m' ankò: Li di m' konsa: 2 -Nonm
o! Kisa bwa pye rezen an genyen ki fè l' pi bon pase
bwa tout lòt pyebwa ou ka jwenn nan rak? 3 Eske li ka ba
ou bwa pou fè anyen? Eske yo ka fè pikèt kwòk avè l' pou
pandye bagay? 4 Li ka sèvi pou limen dife ase. Dife a
boule de bout li yo ansanm ak mitan an. Apre sa, ou pa
ka fè anyen avè l' ankò. 5 Li pa t' ankò boule a, yo te tou
pa ka fè anyen avè l'. Koulye a dife a fin boule l', se pi rèd
ankò. 6 Se poutèt sa, men sa Seyè sèl Mèt la di: Menm
jan yo pran yon bwa pye rezen nan mitan yon rakbwa, yo
jete l' nan dife pou boule l', se sa menm mwen pral fè ak
moun lavil Jerizalèm yo. 7 M'ap kenbe tèt ak yo. Yo te
chape anba dife a yon fwa, men se dife k'ap boule yo. Lè
m'a kenbe tèt ak yo, n'a konnen se mwen menm ki Seyè
a. 8 Yo twonpe m' tankou yon fanm k'ap twonpe mari l'.
Se poutèt sa m'ap fè peyi a tounen yon dezè. Se mwen
menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.

16 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: 2 -Nonm o!
Fè moun lavil Jerizalèm yo rekonèt tout vye bagay
derespektan yo te fè yo. 3 W'a di moun lavil Jerizalèm yo
men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba yo: Nou se moun
peyi Kanaran, se la nou fèt. Papa nou te yon moun peyi
Amori, manman nou yon moun peyi Et. 4 Jou ou soti nan
vant manman ou lan, yo pa t' koupe kòd lonbrit ou, yo pa
t' lave ou nan dlo pou yo te pwòpte ou, yo pa t' fwote
ou ak gwo sèl, yo pa t' menm vlope ou nan moso kòt. 5
Pesonn pa t' gen pitye pou ou pou yo te rann ou yonn
nan ti sèvis sa yo. Lè ou te fèt la, pesonn pa t' vle wè
ou, yo voye ou jete nan jaden. 6 Mwen vin ap pase bò
la, mwen wè ou t'ap benyen nan san ou. Atout ou t'ap
benyen nan san ou, mwen di mwen p'ap kite ou mouri,
se pou ou viv. 7 Se pou ou grandi tankou yon plant nan
jaden. Ou grandi, ou fòme, ou vin yon bèl jenn fi. Tete ou
yo te byen kanpe, pwal te pouse sou kò ou. Men, ou te
toutouni. 8 Mwen vin ap pase bò la ankò, mwen wè ou.
Ou te rive laj pou ou te renmen. Mwen louvri gwo varèz
mwen an sou ou, mwen kouvri kò ou ki te toutouni an.
Mwen fè sèman m'ap toujou renmen ou. Wi, mwen pase
kontra maryaj avè ou. Se konsa ou vin madanm mwen.
Se Seyè ki sèl mèt la ki di sa. 9 Apre sa, mwen pran
dlo, mwen lave ou, mwen wete tout san ki te sou kò ou.
Mwen basinen ou ak lwil santi bon. 10 Mwen mete bèl rad
bwode sou ou, yon pè soulye fèt ak po bazann nan pye
ou, yon bèl moso twal fin blan mare nan ren ou, ak yon
chal swa. 11 Mwen kouvri ou ak bijou, mwen mete braslè
nan ponyèt ou, m' pase bèl chenn nan kou ou. 12 Mwen
mete yon grenn zanno nan nen ou, yon pè zanno nan
zòrèy ou ak yon bèl kouwòn sou tèt ou. 13 Ou te plen
bijou lò ak bijou ajan. Ou te toujou mete bèl rad twal fin ak
rad swa byen bwode sou ou. Ou manje pen ki fèt ak pi
bon kalite farin ansanm ak siwo myèl ak lwil. Chak jou ou
vin pi bèl, jouk ou rive larenn. 14 Nan tout lòt nasyon yo,

yo t'ap nonmen non ou pou jan ou te bèl. Pou bèl ou pa t'
ka pi bèl pase sa paske se mwen menm ki te fè ou bèl
konsa. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa. 15 Men,
ou kite bèlte ou la fè ou pèdi tèt ou. Ou pwofite dèske
tout moun ap nonmen non ou lan pou ou lage kò ou nan
dezòd, ou kouche ak dènye moun k'ap pase. Ou lage kò
ou ba yo. 16 Ou pran bèl rad koulè ou yo, ou dekore kote
w'ap fè sèvis pou lòt bondye sou tèt mòn yo. Tankou yon
fanm k'ap fè jennès, ou kouche la ak dènye moun ki vini.
17 Ou pran bijou lò ak bijou ajan mwen te ba ou yo, ou
bay yo pou yo fè estati gason. Epi ou kouche ak estati yo.
18 Ou biye estati ou yo ak bèl rad bwode mwen te ba ou
yo. Ou pran lwil ak lansan ki te pou mwen yo, ou ofri yo
bay estati ou yo. 19 Mwen te ba ou pi bon kalite farin pou
fè pen pou ou manje ansanm ak siwo myèl ak lwil. Ou
pran yo, ou ofri yo bay zidòl ou yo, ou boule yo nan dife
pou yo te ka ba ou chans. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt
la, ki di wi, se sa ou fè. 20 Apre sa, ou pran pitit gason ak
pitit fi ou te fè pou mwen yo, ou al ofri yo bay zidòl yo pou
zidòl yo te manje yo. Sa pa t' ase pou ou te lage kò ou
nan tout dezòd sa yo 21 kifè ou te bezwen koupe kou pitit
mwen yo, lèfini pou ou te boule yo nan dife pou zidòl ou
yo? 22 Pandan tout tan ou t'ap viv nan dezòd sa a, ou
pa janm chonje lè ou te piti, lè ou te toutouni ap benyen
nan san ou lan? 23 Seyè sèl Mèt la di ankò: -Madichon,
madichon pou ou! Lè ou fin fè tout mechanste sa yo, 24
sou tout rebò granchemen yo, ou bati tanp pou sèvi zidòl
ou yo, pou fè metye jennès ou a. 25 Nan chak kalfou
granchemen, ou bati yon tanp kote ou trennen bèlte ou la
nan labou. W'ap ofri tèt ou bay dènye moun k'ap pase.
Chak jou ou te vin pi mal. 26 W' al kouche ak moun peyi
Lejip yo, vwazen ou yo ki gwonèg anpil. Ou fè, ou fè jouk
ou fè m' fache. 27 Se konsa, mwen lonje men m' sou ou
pou m' pini ou, mwen koupe moso nan sa ki te vin pou ou
a. Mwen lage ou nan men lènmi ou yo, moun peyi Filisti
yo, ki pa t' ka santi tout vye bagay sal ou t'ap fè yo. 28
Men moun sa yo pa t' ba ou kont plezi ou, ou kouri al
jwenn moun peyi Lasiri yo. Ou kouche ak yo. Men yo
menm tou, yo pa t' ba ou kont plezi ou. 29 W' al fè jennès
ak moun Babilòn yo, gwo kòmèsan sa yo. Men yo menm
tou, yo pa t' ba ou kont plezi ou! 30 Men sa Seyè sèl Mèt
la di ankò: Se pa ti move mwen pa t' move sou ou! Ou fè
tou sa tankou yon jennès je kale. 31 Ou bati yon lotèl
repozwa nan chak kalfou granchemen. Ou bati tanp sou
tout rebò granchemen yo. Men, se pa t' dèyè lajan ou te
ye tankou lòt fanm k'ap fè jennès yo. 32 Ou te tankou yon
madan marye ki nan dezòd, ki pito fè bèl ak lòt gason
pase pou li renmen mari l'. 33 Yon jennès se peye yo
peye sa. Men ou menm, se ou menm ki bay nonm ou yo
kado, se ou menm k'ap ofri yo lajan pou yo soti toupatou
vin kouche avè ou. 34 Ou pa t' tankou lòt fanm k'ap fè
jennès yo. Pesonn pa t' fòse ou fè sa. Yo pa t' peye ou
pou sa. Se ou ki t'ap peye moun vin kouche avè ou! Non!
Ou pa t' tankou lòt jennès yo! 35 Koulye a, Jerizalèm,
gwo jennès, koute sa Seyè a ap di: 36 Men mesaj Seyè
sèl Mèt la voye ba ou: Ou wete tout rad sou ou. Ou rete
toutouni nèt pou ou te kouche ak nonm ou yo, ansanm ak
tout vye zidòl mwen pa vle wè yo. Lèfini, ou touye pitit ou
yo, ou ofri yo bay zidòl. 37 Poutèt tou sa, mwen pral reyini
tout ansyen nonm ou yo ki te konn pran plezi yo avè ou,
ni sa ou te renmen yo, ni sa ou te rayi yo. M'ap fè yo vin
fè wonn bò kote ou. Mwen pral wete dènye rad ki sou ou.
Mwen pral kite ou toutouni devan je yo. 38 M'ap pini ou
menm jan yo pini fanm k'ap fè adiltè, ak fanm ki touye
moun. M'ap fache, m'ap move, m'ap bay lòd pou yo touye
ou. 39 M'ap lage ou nan men yo, yo pral demoli dènye
lotèl repozwa ou fè pou zidòl ou yo, kote w'ap fè jennès
la. Y'ap wete tout rad sou ou, y'ap pran tout bijou ou yo,
y'ap kite ou toutouni. 40 Yo pral moute tèt yon foul moun
pou yo touye ou ak kout wòch, y'ap filange ou ak nepe yo.
41 Y'ap boule tout kay ou yo, y'ap pini ou devan yon foul
medam. M'ap fè ou sispann fè jennès, m'ap fè ou sispann
bay nonm ou yo kado. 42 Apre sa, mwen p'ap move sou
ou ankò. M'a sispann fè jalouzi. Mwen p'ap fache ankò.
43 Ou pa t' chonje jan m' te aji avè ou lè ou te jenn lan.
Ou te fè m' move anpil pou tou sa ou te fè yo. Se poutèt
sa mwen te fè ou peye pou tout. Se mwen menm Seyè
a, Bondye sèl Mèt la, ki di sa. Poukisa ou fè tout dezòd
vakabonday sa yo mete sou tout lòt bagay derespektan
ou fè yo? 44 Seyè a di ankò: Koulye a moun ki renmen fè
pwovèb yo pral bay yonn sou do lavil Jerizalèm. Yo pral
di: Joumou pa donnen kalbas. Pitit fi a ap soti tankou
manman l'. 45 Wi, ou se pitit manman ou vre. Li pa t' vle
wè ni mari l' ni pitit li yo. Ou menm moun ak sè ou yo. Yo
menm tou, yo pa t' vle wè ni mari yo, ni pitit yo. Se yon
fanm peyi Et ki te manman nou tout. Se yon moun peyi
Amori ki te papa nou. 46 Gran sè ou la rete nan nò. Se
lavil Samari ansanm ak tout ti bouk ki sou kont li yo. Ti sè
ou la rete nan sid. Se lavil Sodòm ansanm ak tout ti bouk
ki sou kont li yo. 47 Ou mache dèyè yo pye pou pye, ou
fè tout vye bagay derespektan yo fè. Men, nan tou sa
ou fè yo, ou fè pi mal pase yo. 48 Se poutèt sa, jan nou
konnen mwen vivan vre a, men sa mwen menm, Seyè sèl
Mèt la, m'ap di ou: Sè ou la, lavil Sodòm ansanm ak tout
ti bouk ki sou kont li yo, yo pa t' janm rive fè tou sa ou
menm lavil Jerizalèm, ou te fè ansanm ak tout ti bouk ki
sou kont ou yo. 49 Kisa lavil Sodòm te fè konsa? Li t'ap
gonfle lestonmak li sou moun, paske li te gen kont manje
pou l' manje. Yo t'ap viv kè pòpòz san pwoblèm. Men,
yo pa janm lonje men bay pòv malere ak moun ki nan
nesesite. 50 Yo kite lògèy vire lòlòj yo, yo fè tèt di, yo fè
bagay yo konnen mwen pa vle wè moun fè. Se poutèt sa
mwen disparèt yo, jan ou konnen l' lan. 51 Lavil Samari
menm pa t' fè mwatye nan sa ou fè. Ou fè plis bagay
derespektan pase l'. Ou fè sè ou yo pase pou inonsan bò
kote ou. 52 Ou pral wont tèt ou pou sa ou fè. Ou sitèlman
fè peche ki pi lèd pase sa sè ou yo fè a, ou ba yo rezon,
yo parèt inonsan bò kote ou. Wi, se pou ou wont. Se pou
ou kache figi ou, paske ou fè sè ou yo pase pou inonsan
bò kote ou. 53 Seyè a pale ak lavil Jerizalèm, li di l' konsa:

-M'ap mete yo kanpe ankò, lavil Sodòm ak lavil Samari
ansanm ak tout ti bouk ki sou kont yo. Bout pou bout, ou
menm tou m'ap mete ou kanpe ankò. 54 Ou pral wont tèt
ou pou tou sa ou te fè. Yo pral pale ou mal. Sè ou yo
pral wè yo pa pi mal pase sa. Sa pral yon konsolasyon
pou yo. 55 Lavil Sodòm ak tout ti bouk li yo pral kanpe
ankò jan yo te ye anvan an. Lavil Samari ak tout ti bouk
li yo pral kanpe ankò jan yo te ye anvan an. Ou menm
tou, lavil Jerizalèm ak tout ti bouk ou yo, nou pral kanpe
ankò jan nou te ye anvan an. 56 Lè ou te an penpan an,
èske ou pa t' konn pase Sodòm nan betiz, 57 anvan yo te
denonse tout mechanste ou yo? Koulye a, se ou menm
moun Aram yo, moun Filisti yo ansanm ak lòt moun nan
vwazinaj ki pa vle wè ou yo pral pase nan betiz. 58 Ou
pral peye pou tout bagay derespektan ak bagay mwen pa
vle wè ou te fè yo. Se mwen menm, Seyè a, ki di sa. 59
Seyè a pale ak lavil Jerizalèm, li di l' konsa: -Mwen pral
boule avè ou jan ou merite l' la, paske ou pa ka kenbe
pawòl ou, ou kase kontra a. 60 Men, m'ap chonje kontra
mwen te pase avè ou lè ou te jenn lan. M'ap siyen yon lòt
kontra avè ou, yon kontra k'ap la pou tout tan. 61 Ou
menm, w'a chonje sa ou te fè, w'a wont lè w'a resevwa
gran sè ak ti sè ou yo. M'ap ba ou yo pou pitit fi pa ou
malgre sa pa t' nan kontra a. 62 Wi, se mwen menm k'ap
siyen kontra mwen an avè ou ankò. Lè sa a, w'a konnen
se mwen menm ki Seyè a. 63 M'ap padonnen ou tou sa
ou te fè. Men ou menm, w'ap chonje sa ou te fè yo, w'a
wont, ou p'ap ka louvri bouch ou ankò tèlman w'a wont.
Se mwen menm, Seyè a, ki di sa.

17 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: 2 -Nonm
o! Bay moun pèp Izrayèl yo yon pawoli. Rakonte yo
yon parabòl. 3 Di yo men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba
yo: Vwala, se te yon gwo gwo malfini ak zèl li yo byen laj.
Plim li yo te long epi yo te tout kalite koulè. Li vole li ale
nan peyi Liban, li kase tèt yon pye sèd. 4 Li pran l', li pote
l' ale nan yon peyi kote moun se trafik ase y'ap fè la. Li
mete l' nan yon lavil kote se kòmèsan ase ki rete la. 5
Lèfini, li pran yon ti plan nan peyi Izrayèl la, li plante l' nan
yon bon venn tè, toupre yon larivyè ki toujou plen dlo, pou
l' ka grandi tankou yon pye sikren. 6 Ti plan an pran, li fè
yon bèl pye rezen ki pa twò wo. Branch li yo grandi, yo
moute nan direksyon malfini an, men rasin li yo menm
desann fon anba tè. Li bay yon bèl pye rezen ak anpil
branch plen fèy. 7 Te vin gen yon lòt gwo malfini ak gwo
zèl byen laj ak anpil plim sou li. Lè sa a, pye rezen an
pouse rasin nan direksyon malfini sa a. Li vire tout branch
li yo nan direksyon l' tou. Li te konprann malfini sa a tapral
wouze l' pi byen pase jaden kote l' te plante a. 8 Men, pye
rezen an te deja plante nan yon bon venn tè, kote yon
kannal ki toujou gen dlo, pou l' te ka fè fèy, pou l' te ka
donnen, pou li te ka rive fè yon bèl pye rezen. 9 Di yo
men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba yo: Eske pye rezen
an ap grandi vre? Eske premye malfini an p'ap dechouke
l', rache tout grap rezen l' yo, kase tout branch li yo pou yo
mouri? Li p'ap bezwen anpil fòs ni yon lame moun pou l'
dechouke l'. 10 Wi, yo te plante l'. Men, èske l'ap grandi?
Eske li p'ap mouri lè van lès la va soufle sou li? Eske li
p'ap mouri lamenm kote li t'ap pouse a? 11 Seyè a pale
avè m', li di m' konsa: 12 -Pale ak bann moun tèt di sa yo.
Mande yo si yo konprann sans parabòl la. Di yo konsa:
Wa lavil Babilòn lan te vini lavil Jerizalèm, li pran wa a
ansanm ak tout chèf li yo, li mennen yo ansanm avè l' lavil
Babilòn. 13 Li pran yon moun nan fanmi wa a, li pase
kontra avè l', li fè l' sèmante pou l' toujou soumèt devan
li. Li pran tout grannèg ki nan peyi a, li fè yo prizonye,
li depòte yo. 14 Konsa, li sèten peyi a va rete tou piti
anba men l', yo p'ap ka leve tèt devan li, y'a toujou kenbe
kontra li te pase ak yo a. 15 Men, wa peyi Jida a revòlte.
Li voye mesaje nan peyi Lejip al chache chwal ak anpil
sòlda. Eske l'ap rive fè sa li vle fè a? Eske li ka soti nan
sitiyasyon kote l' ye a? Depi li kase kontra a, fòk li peye l'.
16 Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, k'ap pale: Jan nou
konnen mwen vivan vre a, wa a pral lavil Babilòn, paske li
te kase kontra a, li pa t' respekte kondisyon li te pase ak
wa lavil Babilòn lan ki te mete l' la pou gouvènen peyi a.
17 Farawon an te mèt vini ak yon gwo lame ansanm ak
anpil sòlda, li p'ap ka ede l' goumen nan lagè a, lè moun
Babilòn yo va vin moute ranblè ak fouye gwo kannal pou
yo touye moun san gad dèyè. 18 Wa peyi Izrayèl la pa
respekte pawòl li, li kase kontra a. Malgre angajman li te
pran yo, li fè tout bagay sa yo. Sa p'ap pase konsa pou
li. 19 Se poutèt sa, men sa Seyè Sèl Mèt la di: Jan nou
konnen mwen vivan vre a, ou pa respekte pawòl ou avè
m'. Ou pa kenbe kontra mwen te pase avè ou la. Mwen
gen pou m' pini ou pou sa. 20 M'ap voye privye m' sou ou,
w'ap pran nan may yo, m'ap trennen ou lavil Babilòn. Se la
m'ap pini ou pou kenbe ou pa te kenbe pawòl ou avè m'.
21 Tout pi bon sòlda li yo pral mouri nan lagè. Sa ki chape
yo, yo pral gaye yo toupatou sou latè. Lè sa a, n'a konnen
se mwen menm, Seyè a, ki pale. 22 Men sa Seyè sèl Mèt
la di: -M'ap koupe boujon tèt yon pye sèd ki byen wo.
M'ap kase yon jenn ti boujon nan branch ki pi wo yo. M'ap
plante l' sou tèt yon mòn byen wo, 23 sou tèt mòn ki pi wo
nan peyi Izrayèl la. L'ap fè branch, l'ap donnen. L'ap vin fè
yon bèl bèl pye sèd. Tout kalite zwezo pral rete ladan l'.
Y'ap pare solèy nan lonbraj branch li yo. 24 Tout pyebwa
nan peyi a va konnen se mwen menm ki Seyè a. Mwen
koupe gwo pyebwa yo mete atè. Ti pyebwa piti yo, m'ap
fè yo grandi. Mwen cheche pyebwa ki vèt yo. Pyebwa
ki fin mouri yo, mwen fè yo boujonnen ankò. Se mwen
menm Seyè a ki pale. Sa mwen di m'ap fè a, m'ap fè l'.

18 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: 2 -Poukisa
y'ap plede repete pwovèb sa a nan peyi Izrayèl la?
Y'ap di: Papa ak manman manje rezen vèt, men se dan
pitit yo ki gasi. 3 Se poutèt sa, jan nou konnen mwen
vivan vre a, se mwen menm Seyè a, Bondye sèl Mèt la,
ki di sa: Nou p'ap janm repete pwovèb sa a ankò nan
peyi Izrayèl la. 4 Lavi tout moun, papa, manman kou pitit,
se pou mwen yo ye. Moun ki fè peche a, se li menm
k'ap mouri. 5 Ann pran ka yon moun k'ap mache dwat

devan Bondye, ki fè sa li dwe fè, ki pa nan patipri. **6** Li pa
moute nan mòn pou l' al bay zidòl manje, ni li pa fè sèvis
pou vye zidòl moun pèp Izrayèl yo ap sèvi. Li pa al dèyè
madanm lòt moun pèp Izrayèl parèy li, li pa kouche ak
fanm ki gen lalin li. **7** Li pa pwofite sou pesonn, li pa bay
pesonn koutba, li renmèt garanti moun te ba li pou lajan li
prete yo. Li bay moun ki grangou yo manje, li bay moun ki
toutouni yo rad pou mete sou yo. **8** Li pa bay ponya, li pa
pran enterè sou lajan li prete. Li refize mete men l' nan
sa ki mal. Lè de moun gen kont, li mete verite a kote li
ye. **9** Yon moun konsa mache sou lòd mwen bay, li fè
tou sa mwen mande pou moun fè. Li pa janm chache
twonpe m'. Se yon moun ki dwat. Se sèten l'ap viv. Se
mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa. **10** Si nonm sa a ta
rive fè yon pitit ki soti yon lwijanboje, ki renmen mete san
moun deyò, epi k'ap mache fè tou sa **11** papa l' pa janm
fè: l'ap manje nan manje yo ofri bay zidòl sou tèt mòn
yo, l'ap kouri dèyè madanm lòt moun pèp Izrayèl parèy
li, **12** l'ap toupizi pòv malere yo ak moun ki nan malsite,
l'ap vòlò, li p'ap renmèt garanti moun te ba li pou lajan
li te prete yo, l'ap fè sèvis pou zidòl, l'ap fè vye bagay
derespektan, **13** l'ap bay ponya, li pran enterè pou lajan
li prete, yon nonm konsa pa fèt pou viv. Non, li pa gen
dwa viv lè li fin fè tout vye bagay derespektan sa yo. Se
sèten l'ap mouri. Se li menm k'ap pote chay tou sa li fè.
14 Annou konsidere koulye a ka dezyèm moun sa a ki ta
rive fè yon pitit gason. Pitit la wè tout peche papa l' te fè
yo. Li wè yo, men li pa fè tankou l'. **15** Li pa al sou tèt
mòn yo ofri manje bay zidòl, li derefize fè sèvis pou vye
zidòl moun peyi Izrayèl yo. Li respekte madanm lòt moun
pèp Izrayèl parèy li, **16** li pa pwofite sou pesonn, li pa
kenbe garanti moun te ba li pou lajan li te prete yo. Li pa
vòlò pesonn, li bay moun ki grangou manje, li bay moun ki
toutouni rad pou yo mete sou yo. **17** Li refize fè moun
mechanste, li pa bay ponya, li pa pran enterè sou lajan li
prete moun. Yon moun konsa mache sou lòd mwen bay, li
fè tou sa mwen mande pou moun fè. Li p'ap mouri poutèt
peche papa l' te fè yo. Sèten l'ap viv. **18** Papa l' pou bò
pa l' te fè mechanste, li vòlò frè parèy li, li pa janm fè
byen pou pesonn. Se li menm k'ap mouri poutèt tou sa li
fè ki mal. **19** N'a mande nan kè nou: Poukisa yon pitit
pa peye pou peche papa li te fè a? Men repons la. Se
paske pitit la te mache dwat devan Bondye, li fè sa li te
dwe fè. Li mache sou lòd mwen bay, li fè tou sa mwen
mande pou moun fè, kifè l'ap viv. **20** Moun ki fè peche, se
yo k'ap mouri. Yon pitit p'ap peye pou peche papa l' te
fè, ni yon papa p'ap peye pou peche pitit li fè. Moun ki
mache dwat va jwenn rekonpans pou dwat yo te mache
dwat la. Mechan an va peye pou mechanste li fè a. **21** Si
mechan an sispann fè peche li te konn fè yo pou li mache
dapre lòd mwen yo, si li fè sa ki dwat ak sa ki byen, li p'ap
mouri. Sèten l'ap viv. **22** Yo p'ap chonje tout peche li te
konn fè yo. L'ap viv paske li te fè sa ki dwat. **23** Eske nou
kwè mwen ta renmen wè mechan an mouri? Se Seyè sèl
Mèt la ki mande sa. Non! Mwen ta pito wè l' sispann fè sa
ki mal pou l' ka viv. **24** Men, si yon moun ki mache dwat
sispann fè sa ki byen pou li lage kò l' nan fè sa ki mal ak
tout lòt vye bagay derespektan mechan yo ap fè a, nan
kondisyon sa a èske li ka viv toujou? Non. Yo p'ap chonje
tout byen li te konn fè yo. L'ap mouri paske li pa t' kenbe
pawòl li, paske li fè sa ki mal. **25** Men, n'a di n'a kè nou:
Jan Seyè a ap aji la a pa bon non. Enben, nou menm
moun pèp Izrayèl yo, koute. Nou di jan m' aji a pa bon.
Nou pa kwè se jan nou menm n'ap aji a ki pa bon pito?
26 Lè yon moun ki t'ap mache dwat sispann fè sa ki byen
pou li lage kò l' nan fè sa ki mal, l'ap mouri. Se poutèt sa li
fè ki mal la l'ap mouri. **27** Lè mechan an sispann fè peche
li konn fè yo pou li fè sa ki dwat ak sa ki byen, l'ap sove
lavi l'. **28** Li rekonèt sa li t'ap fè a te mal, li sispann fè l'.
Sèten li p'ap mouri. Se viv pou li viv. **29** Men, moun peyi
Izrayèl yo ap plede di: Jan Seyè a ap aji a pa bon. Nou
kwè se jan m'ap aji a ki pa bon vre? Eske se pa jan nou
menm n'ap aji a ki pa bon pito? **30** Se poutèt sa, men sa
Seyè sèl Mèt la ap di moun peyi Izrayèl yo: M'ap jije chak
moun dapre sa yo fè. Tounen vin jwenn mwen, sispann
fè sa ki mal, pa kite peche nou yo lakòz nou mouri. **31**
Vire do bay tout vye peche nou te konn fè yo. Chanje kè
nou, chanje lide nou. Poukisa atò, nou menm moun pèp
Izrayèl yo, pou n'ap chache lanmò konsa? **32** Mwen pa ta
renmen wè pesonn mouri. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt
la, ki di sa. Tounen vin jwenn mwen epi n'a viv.

19 Bondye pale avè m', li di m' konsa: -Koulye a, plenn
sò chèf peyi Izrayèl yo. **2** Men sa ou pral di: Apa
yon manman lyon manman ou tè ye! Li kouche nan mitan
lyon yo, l'ap okipe pitit li yo. **3** Li pran yonn nan pitit li
yo, li fè l' tounen yon jenn mal lyon. Jenn lyon an aprann
jan pou l' kouri dèyè bèt pou l' manje. Li tanmen devore
moun. **4** Men, lòt nasyon yo pran nouvèl la. Yo pran l' nan
pèlen twou yo te pare pou li a. Yo mete yon zanno fè nan
nen l', yo trennen l' ale nan peyi Lejip. **5** Manman lyon an
tann, li tann jouk li pèdi espwa wè l' ankò. Li pran yon
lòt nan pitit li yo, li fè l' tounen yon jenn mal lyon. **6** Li
t'ap pwonmennen nan mitan lòt lyon yo, li tounen yon
jenn mal lyon. Li aprann jan pou l' kouri dèyè bèt pou
l' manje. Li tanmen devore moun. **7** Li demoli fò yo. Li
sakaje lavil yo. Chak fwa li gwonde, moun k'ap viv nan
peyi a gen kè sote. **8** Moun lòt nasyon yo leve dèyè l'.
Moun soti toupatou nan pwovens bò kote l' yo, yo vin voye
yon privye sou li. Yo pran l' nan pèlen twou yo te pare pou
li a. **9** Yo mete yon zanno fè nan nen l', yo fèmen l' nan
yon kaj. Yo mennen l' bay wa Babilòn lan. Yo mete sòlda
veye l' pou moun pa janm tande vwa l' ankò nan mòn
peyi Izrayèl yo. **10** Manman ou te tankou yon pye rezen
plante bò kannal dlo. Pye rezen an te chaje ak fèy, li t'ap
donnen anpil paske li te jwenn kont dlo li. **11** Li pouse gwo
branch. Branch yo tounen baton kòmandman wa. Pye
rezen an grandi, li rive depase tèt tout lòt bwa yo. Tout
moun t'ap gade jan li te wo, jan li te gen anpil branch. **12**
Men, yo move sou li, yo derasinen l', yo jete l' atè. Van lès
koule tout donn li yo, li kase tout gwo branch li yo. Branch

yo cheche, yo boule nan dife. 13 Koulye a, se nan yon
dezè li kanpe, nan yon tè sèk san dlo. 14 Dife pran nan
pye rezen an. Li boule ni branch li yo ni donn li yo. Li pa
gen gwo branch ankò ki pou ta sèvi baton kòmandman
pou wa. Sa a se yon chante pou yo chante anpil fwa pou
plenn sò chèf peyi Izrayèl yo.

20 Lè sa a, se te dizyèm jou nan senkyèm mwa setyèm
lanne depi yo te depòte pèp la nan peyi Babilòn. De
twa chèf fanmi nan pèp Izrayèl la vin jwenn mwen pou m'
te ka pale ak Seyè a pou yo. Yo te chita devan m'. 2 Lè sa
a, Seyè a pale avè m', li di m' konsa: 3 -Nonm o! Pale ak
chèf fanmi pèp Izrayèl yo. Di yo men mesaj Seyè sèl Mèt
la voye di yo: Nou vin chache konnen volonte m', pa vre?
Jan nou konnen mwen vivan vre a, mwen p'ap kite moun
mande m' anyen. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di
sa. 4 Nonm o! Eske ou pare pou ba yo santans yo? Eske
ou pare? Fè yo chonje tout vye krim zansèt yo te konn fè.
5 W'a di yo: Men mesaj Seyè ki sèl Mèt la voye ba yo: Lè
mwen te chwazi pèp Izrayèl la, moun fanmi Jakòb yo,
mwen te fè sèman ba yo, mwen te fè yo konnen ki moun
mwen ye lè yo te nan peyi Lejip la. Mwen te fè sèman ba
yo, mwen te di yo se mwen menm Seyè a ki Bondye yo.
6 Lè sa a, mwen te fè sèman m' t'ap fè yo soti kite Lejip
la, m' t'ap mennen yo nan yon peyi mwen te chwazi pou
yo, yon peyi kote lèt ak siwo myèl koule kou dlo, yon peyi
ki pi bèl pase tout lòt peyi. 7 Mwen te di yo se pou yo te
voye jete tout vye zidòl derespektan yo te renmen yo. Se
pa pou yo avili tèt yo nan sèvi vye zidòl peyi Lejip yo.
Paske se mwen menm Seyè a ki Bondye yo. 8 Men, yo te
kenbe tèt avè m', yo derefize koute m'. Yo yonn pa t' voye
vye zidòl derespektan yo te renmen yo jete. Yo tout te
derefize kite vye zidòl peyi Lejip yo. Lè sa a, la menm nan
peyi Lejip la, m' te fè lide pou m' te fè yo wè jan m' te
move, pou m' te fè yo santi sa m' ta ka fè yo lè m' fache.
9 Men, mwen pa t' fè l' pou sa pa t' bay pèp peyi kote yo
t'ap viv la okazyon pou yo trennen non mwen nan labou,
paske se devan tout pèp sa yo mwen te fè moun Izrayèl
yo konnen mwen t'ap fè yo soti kite peyi Lejip la. 10 Se
konsa, mwen fè yo soti kite peyi Lejip. Mwen mennen
yo nan dezè a. 11 Mwen ba yo lòd mwen, mwen fè yo
konnen prensip mwen yo, prensip ki bay lavi depi yon
moun swiv yo. 12 Lèfini, mwen ba yo jou repo m' yo pou
sa fè yo chonje kontra mwen siyen ak yo, pou yo pa janm
bliye se mwen menm, Seyè a, k'ap fè yo viv apa pou
Bondye. 13 Men, depi nan dezè a menm, moun Izrayèl yo
t'ap kenbe tèt avè m'. Yo pa mache dapre lòd mwen ba
yo, yo voye prensip mwen yo jete, prensip ki bay lavi depi
yon moun swiv yo. Yo pa respekte jou repo m' yo menm.
Lè sa a, mwen te fè lide pou m' te fè yo santi sa m' ta ka
fè yo lè m' move: m' te ka disparèt yo tout la nan dezè a.
14 Men, mwen pa fè l' pou sa pa t' bay pèp ki te wè lè m'
t'ap fè yo kite peyi Lejip la okazyon pou yo trennen non
mwen nan labou. 15 Se konsa, mwen fè sèman nan dezè
a mwen pa t'ap mennen yo nan peyi mwen te ba yo a,
peyi kote lèt ak siwo myèl ap koule tankou dlo, peyi ki pi
bèl pase tout lòt peyi. 16 Mwen te fè sèman sa a paske yo
te voye prensip mwen te moutre yo jete, yo pa t' mache
dapre lòd mwen te ba yo. Yo pa t' respekte jou repo m' yo
tèlman yo pa t' vle lage zidòl yo. 17 Men apre sa, kè m' te
fè m' mal pou yo, mwen pran desizyon mwen p'ap touye
yo. Se konsa, mwen pa t' disparèt yo tout nan dezè a. 18
Lè sa a, mwen pale ak pitit yo nan dezè a, mwen di yo:
Pa mache dapre lòd granmoun lontan nou yo. Pa swiv
menm prensip ak yo. Pa al avili tèt nou nan sèvis zidòl yo.
19 Se mwen menm, Seyè a, ki Bondye nou. Swiv prensip
pa mwen yo, mache dapre lòd mwen bay yo. 20 Fè tou
sa mwen di nou fè. Respekte jou repo m' yo pou fè wè
nou kenbe kontra m' te siyen ak nou an. Konsa, moun va
konnen se mwen menm Seyè a ki Bondye nou. 21 Men,
pitit yo kenbe tèt avè m' tou, yo pa mache dapre lòd mwen
ba yo. Yo voye prensip mwen yo jete, prensip ki bay lavi
depi yon moun swiv yo. Yo pa respekte jou repo m' yo. Lè
sa a, mwen te fè lide pou m' te fè yo wè jan m' te move,
pou m' te fè yo santi nan dezè a sa m' ta ka fè yo lè m'
fache. 22 Men, mwen kenbe men m' pou m' pa fè l' pou
sa pa t' bay pèp ki te wè lè m' t'ap fè yo soti kite peyi
Lejip la okazyon pou yo trennen non mwen nan labou. 23
Men, fwa sa a ankò, mwen fè yon lòt sèman nan dezè a,
mwen fè sèman m'ap gaye yo nan mitan lòt nasyon yo,
m'ap simaye nou nan divès peyi etranje. 24 Mwen fè sa
paske yo te voye prensip mwen te moutre yo jete, yo pa t'
mache dapre lòd mwen ba yo. Yo pa t' respekte jou repo
m' yo tèlman yo pa t' vle lage zidòl papa yo te konn sèvi
yo. 25 Se konsa, mwen menm bò pa m', mwen ba yo lòd
ki pa t' twò bon ak prensip ki pa bay lavi. 26 Mwen kite
yo avili tèt yo ak ofrann y'ap fè yo, mwen kite yo boule
premye pitit gason yo pou zidòl yo. Se pou m' te ka fè yo
pè, pou m' te ka fè yo konnen se mwen menm ki Seyè a.
27 Koulye a, nonm o, pale ak moun pèp Izrayèl yo! Di yo:
Men mesaj Seyè ki sèl Mèt la voye ba yo. La ankò zansèt
nou yo te manke m' dega, yo pa t' kenbe pawòl yo ak
mwen. 28 Mwen mennen yo nan peyi mwen te pwomèt
m'ap ba yo a. Lè yo wè gwo mòn yo ak bèl pyebwa tou
vèt yo, se la yo touye bèt yo ofri pou zidòl yo. Yo fè ofrann
grenn jaden ki fè m' fache sou yo. Yo boule ofrann pou fè
zidòl yo plezi ak bon sant yo, yo vide diven atè pou yo.
29 Mwen mande yo poukisa tout kay zidòl sa yo kote yo
prale a? Depi lè sa a, yo rele kote sa yo Kay Zidòl jouk
jòdi a. 30 Koulye a, di moun pèp Izrayèl yo: Men mesaj
Seyè ki sèl Mèt la voye ba yo: Poukisa pou n'ap avili tèt
nou tankou zansèt nou yo te fè yo, pou n'ap kouri fè sèvis
pou zidòl yo? 31 Jouk jòdi a, n'ap fè ofrann bay yo, n'ap
bay pitit nou pou yo boule pou zidòl yo. N'ap plede avili
tèt nou ak tout vye zidòl sa yo. Lèfini, pou m' ta kite nou
vin mande mwen kisa mwen vle nou fè ankò? Jan nou
konnen mwen vivan vre a, mwen p'ap penmèt nou mande
m' anyen! Se mwen menm, Seyè ki sèl Mèt la, ki di sa! 32
Nou gen yon sèl lide nan tèt nou: N'ap plede di se pou
nou tankou lòt nasyon yo, tankou moun k'ap viv nan lòt
peyi yo, k'ap fè sèvis pou pyebwa ak wòch. Men, nou p'ap

janm wè sa rive. **33** Jan nou konnen mwen vivan vre a!
Se mwen menm, Seyè Sèl Mèt la, k'ap pale! Se mwen
menm k'ap gouvènen nou. M'ap kenbe nou anba ponyèt
mwen ak tout fòs kouraj mwen, m'ap fè nou santi kòlè m'.
34 Anba ponyèt mwen, ak tout fòs kouraj mwen, m'ap fè
nou santi kòlè m', m'ap fè nou soti nan mitan lòt pèp yo.
M'ap ranmase nou nan mitan tout peyi kote mwen te gaye
nou yo. **35** M'ap mennen nou nan dezè nasyon yo. Se la
m'ap jije nou san pesonn lòt p'ap wè. **36** Lè sa a, m'ap
kondannen nou menm jan mwen te kondannen zansèt
nou yo nan dezè peyi Lejip la. Se mwen menm, Seyè sèl
Mèt la, ki di sa. **37** M'ap kontwole nou tankou yon gadò
k'ap kontwole mouton l' yo, m'ap fè nou obeyi kontra m'
siyen ak nou an. **38** M'ap wete nan mitan nou tout moun
k'ap fè wòklò, tout moun k'ap kenbe tèt avè m' pou fè
peche. M'ap fè yo soti kite peyi kote y'ap viv koulye a,
men yo p'ap mete pwent pye yo nan peyi Izrayèl la. Lè sa
a n'a konnen se mwen menm ki Seyè a. **39** Seyè sèl Mèt
la di ankò: Koulye a, nou menm moun pèp Izrayèl yo, nou
mèt al sèvi zidòl nou yo. Men, m' tou pale nou. Apre sa,
se pou n' koute m'. N'a sispann derespekte non mwen ki
yon non apa. N'a sispann fè ofrann pou zidòl nou yo. **40**
Paske men sa mwen menm, Seyè a, m'ap di nou: Se sou
mòn ki apa pou mwen an, gwo mòn wo peyi Izrayèl la,
tout moun pèp Izrayèl la ki va tabli nan peyi a pral fè sèvis
pou mwen. Se la m'a kontan resevwa ofrann nou yo. Se la
mwen vle nou pote pi bon ofrann nou yo, pi bon kado n'ap
ban mwen yo. **41** Lè m'a fè nou soti nan mitan lòt pèp yo,
lè m'a ranmase nou nan tout peyi kote mwen te gaye
nou yo, m'a kontan resevwa nou ansanm ak ofrann bèt
n'ap boule pou mwen pou fè m' plezi ak bon sant yo. N'a
fè tout lòt nasyon yo konnen se yon Bondye apa mwen
ye. **42** Lè m'a mennen nou tounen nan peyi Izrayèl, peyi
mwen te fè sèman m'ap bay zansèt nou yo, n'a konnen se
mwen menm ki Seyè a. **43** Lè sa a, n'a chonje tou sa
nou te konn fè, jan nou te konn avili tèt nou nan fè move
bagay. Nou pral wont tèt nou paske se pa ti fè nou te fè.
44 Lè sa a, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a, paske
sa m'ap fè pou nou an se pou respè tèt mwen m'ap fè l'.
Se pa sa lenkondite nou ak vye bagay derespektan nou fè
yo merite. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa. **45**
Seyè a pale avè m' ankò, li di konsa: **46** -Nonm o! Voye je
gade nan direksyon sid la. Denonse sa y'ap fè bò la. Bay
mesaj sa a pou gwo rakbwa ki nan zòn Negèv la. **47** W'a
di rakbwa Negèv la: Koute sa Seyè a di. Men mesaj Seyè
sèl Mèt la voye ba ou: Gade rakbwa! Mwen pral limen yon
sèl dife ki pral boule dènye pyebwa ou genyen, kit yo vèt,
kit yo chèch. Anyen p'ap ka touye dife sa a. L'ap gaye
depi nan sid rive nan nò. Tout moun pral santi chalè dife
a. **48** Tout moun pral wè se mwen menm, Seyè a, ki limen
dife a. Anyen p'ap ka touye l'. **49** Lè sa a mwen di: -Aa!
Seyè sèl Mèt mwen! Pa fè m' di sa non! Moun deja ap
plenyen se an daki ase m'ap pale!

21 Seyè a pale avè m' ankò. Li di m' konsa: **2** -Nonm
o! Vire figi ou gade nan direksyon lavil Jerizalèm.
Denonse sa y'ap fè nan tanp yo. Avèti moun peyi Izrayèl
yo! **3** W'a di yo: Men mesaj Seyè a bay pou nou: Mwen
leve dèyè nou koulye a. Mwen pral rale nepe m' nan djenn
li, mwen pral touye nou tout, bon kou move. **4** Wi, mwen
pral touye bon moun kou move moun nan peyi a. Se
poutèt sa menm mwen pral rale nepe m' nan djenn li pou
touye tout moun depi nan sid rive nan nò. **5** Tout moun
va konnen se mwen menm, Seyè a, ki rale nepe m' nan
djenn li. Anyen p'ap ka fè m' mete l' nan plas li ankò. **6**
Men ou menm, nonm o! Se pou ou plenn paske kè ou ap
fann, ou dekouraje. Wi, se pou ou plenn pou tout moun ka
wè ou. **7** Lè y'a mande ou poukisa w'ap plenn konsa, w'a
di yo: Se paske m' pran nouvèl malè ki pral rive a. Lè l'a
rive vre, kè tout moun pral kase, ponyèt yo ap febli, y'ap
pèdi tout fòs kouraj yo, yo p'ap ka kanpe sou janm yo. Lè
a rive, li deja sou nou. Se Seyè sèl Mèt la ki di sa. **8** Seyè
a pale avè m' ankò, li di m' konsa: **9** -Nonm o! Bay mesaj
sa a. Di pèp la men sa mwen menm Seyè a, mwen voye
di yo: Nepe a, nepe a! Men y'ap file l'. Men y'ap netwaye
li. **10** Y'ap file l' pou touye moun. Y'ap netwaye li pou fè l'
fè zèklè. Pa gen fè fèt ankò, paske pèp mwen an pa okipe
avètisman ak pinisyon mwen te ba li. **11** Wi, y'ap netwaye
nepe a. Y'ap pare l' pou moun ka sèvi avè l'. Y'ap file
l', y'ap netwaye l' pou yo mete l' nan men bouwo a. **12**
Ou menm, nonm o! Rele kont rele ou! Rele byen fò. Se
pou pèp mwen an y'ap pare nepe a, pou tout chèf pèp
Izrayèl yo. Yo pral touye yo ansanm ak tout pèp mwen an.
Pran lapenn pou yo! **13** N'ap sonde pèp la. Si yo derefize
chanje, tout bagay sa yo ap rive vre! Se Seyè sèl Mèt la
ki di sa. **14** Koulye a, nonm o! Bay mesaj sa a. Lèfini,
bat men pou ankouraje. Nepe a ap pase de fwa. Nepe a
ap pase twa fwa. Nepe a ap touye anpil moun. Nepe a
ap sènen yo kote yo vire. **15** L'ap fè pèp mwen an pèdi
tout kouraj li, y'ap tonbe yonn sou lòt. Mwen mete nepe
nan tout pòtay yo, yon nepe k'ap bay zèklè, yon nepe
ki pare pou touye anpil moun. **16** Ou menm, nepe file,
koupe sou bò dwat, koupe sou bò gòch. Kote ou vire,
koupe! **17** Mwen menm tou, m'ap bat men pou ankouraje.
Se pou m' move sou yo jouk mwen p'ap kapab ankò. Se
mwen menm, Seyè a, ki pale. **18** Seyè a pale avè m', li di
m' konsa: **19** -Nonm o! Trase de chemen kote pou wa
Babilòn lan ka pase ak nepe l'. De chemen yo ap soti nan
menm peyi a. Mete de mak nan kalfou kote yo separe a,
20 yonn pou moutre wa a chemen ki mennen lavil Raba
nan peyi Amon, yonn pou moutre l' chemen ki ale peyi
Jida rive lavil Jerizalèm ki byen pwoteje ak ranpa a. **21**
Wa Babilòn lan kanpe nan kalfou a bò mak yo, l'ap souke
flèch yo voye atè pou li ka konnen ki wout pou li pran. L'ap
mande zidòl yo sa pou l' fè, l'ap egzaminen fresi bèt yo
touye pou bondye yo. **22** Bon! Men li kenbe flèch ki bay
direksyon lavil Jerizalèm lan! Sa vle di se pou l' atake lavil
Jerizalèm ak machin lagè yo, bay lòd pou yo touye tout
moun, bay siyal pou yo mache sou lavil la ak gwo poto
bwa pou defonse pòtay li yo, pou yo anpile ranblè nan pye
miray li yo, pou yo fouye gwo kannal sènen l' toupatou.

23 Moun lavil Jerizalèm yo p'ap kwè sa w'ap di a se vre
paske yo te pase kontra avè l'. Men, mesaj w'ap bay la se
pou fè yo chonje tou sa yo fè ki mal, pou fè konnen y'ap fè
yo prizonye. 24 Se poutèt sa, men sa mwen menm Seyè
sèl Mèt la, m'ap di yo: Tout moun konnen jan nou pa bon.
Nou fè tout peche nou yo aklè. Nan tou sa n'ap fè nou
moutre jan nou mechan. Se poutèt sa, y'ap kondannen
nou. N'ap tonbe anba men lènmi nou yo. 25 Kanta pou
ou menm, chèf peyi Izrayèl la, krimenèl san respè pou
Bondye, jou pa ou la, jou dènye chatiman ou lan ap rive.
26 Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki pale. Wete kouwòn
lan ak gwo bèl mouchwa madras la nan tèt ou. Tout bagay
pral chanje. Sa ki anba yo pral moute chèf, sa ki te chèf
yo pral tonbe. 27 Kraze, kraze, brize! Wi, m'ap fè lavil la
tounen mazi. Men, pou sa rive, fòk moun mwen te chwazi
pou pini lavil la vini anvan. Se nan men l' m'ap lage l'. 28 -
Nonm o! Bay mesaj la! Pale. Men sa Seyè sèl Mèt la voye
di moun peyi Amon yo k'ap plede joure pèp Izrayèl la. Di
yo konsa: Nepe a, nepe a pare pou touye! Li byen file pou
depatcha. Li byen netwaye pou fè l' fè zèklè. 29 Vizyon
nou t'ap fè yo pa bon vizyon. Sa yo te di ki gen pou rive a
p'ap rive. Nou menm mechan, nou menm malveyan, jou
pa nou an, jou pou yo ban nou dènye chatiman nou an ap
vini. Nepe a pral tonbe sou nou. 30 Remete nepe a nan
djenn li. Mwen pral jije ou kote yo te kreye ou la, nan peyi
kote ou te fèt la. 31 M'ap fè ou santi jan m' move. Tankou
yon gwo dife k'ap boule, m'ap soufle sou ou, m'ap lage ou
nan men lwijanboje yo ki pa konnen pase kraze moun. 32
Dife pral boule tout kò ou. San ou pral koule nan tout peyi
a. Pesonn p'ap janm chonje ou ankò. Se mwen menm,
Seyè a, ki pale.

22 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: 2 -Nonm o!
Eske ou vle jije lavil ki renmen fè san koule a? W'a
fè l' konnen tout vye bagay derespektan li te fè yo. 3 W'a
di li: Men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba li. Ou reskonsab
lanmò anpil moun ki t'ap viv nan mitan ou. Ou fè vye zidòl
pou ou avili tèt ou nan fè sèvis pou yo. 4 Poutèt tout krim
ou fè yo, ou antò. Avèk tout zidòl w'ap sèvi yo, ou pa nan
kondisyon sèvi Bondye. Ou fè jou pa ou la pwoche, ou fè
lè ou la rive! Se poutèt sa mwen kite nasyon yo pase ou
nan betiz, tout moun ap lonje dwèt sou ou. 5 Nan peyi
pre ak nan peyi lwen, y'ap pase ou nan rizib. Ou se yon
lavil ki gen move non, yon lavil plen dezòd. 6 Tout chèf
peyi Izrayèl yo gen konfyans nan pwòp fòs yo. Yon sèl
bagay yo konnen, se touye moun. 7 Nan lavil la, pesonn
pa respekte papa ak manman yo ankò. Y'ap pwofite sou
moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan yo. Y'ap maltrete fanm
ki pèdi mari yo ak timoun ki san papa. 8 Nou pa respekte
kay yo mete apa pou mwen yo, ni jou repo m' yo. 9 Plen
moun nan mitan ou k'ap mache denonse moun, k'ap bay
manti sou moun pou fè touye yo. Gen lòt k'ap manje nan
manje yo ofri bay zidòl yo. Gen lòt menm, se pran plezi yo
nèt ale nan tout kalite dezòd. 10 Genyen k'ap kouche ak
madanm papa yo. Genyen k'ap fòse madanm yo kouche
ak yo atout yo gen règ yo. 11 Genyen k'ap fè adiltè ak
madanm moun Izrayèl parèy yo, k'ap kouche ak bèlfi yo
san yo pa wont. Genyen k'ap fè kadejak sou pitit fi papa
yo ki pa menm manman ak yo. 12 Genyen k'ap touye
moun pou lajan. Gen lòt ankò k'ap bay frè parèy yo ponya,
y'ap mande yo enterè pou lajan yo prete yo. Y'ap pran tou
sa frè parèy yo genyen pa fòs. Men mwen menm, yo bliye
m'. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa. 13 Mwen
pral frape pye m' atè, paske nou vòlò twòp, nou touye
moun twòp. 14 Jou m'ap regle avè ou la, ou p'ap gen
kouraj pou ou sipòte, ou p'ap menm ka leve bra ou! Se
mwen menm Seyè a ki di sa. Sa mwen di m'ap fè a, m'ap
fè l'. 15 M'ap gaye tout pèp ou a nan mitan lòt nasyon
yo. M'ap mache simaye nou nan peyi etranje yo. M'ap fè
nou sispann fè malpwòpte nou t'ap fè nan mitan nou an.
16 Akòz tou sa ou fè ki derespektan yo, lòt nasyon yo
pral trennen ou nan labou. Men ou menm, w'a konnen se
mwen menm ki Seyè a. 17 Seyè a pale ave m' ankò, li di
m' konsa: 18 -Nonm o! Pou mwen moun pèp Izrayèl yo pa
vo anyen. Yo tankou kras ki rete nan fon chodyè lè y'ap
fonn ajan, kwiv, asye, fè ak plon. Yo tankou kras nan fon
chodyè, yo pa vo anyen. 19 Se poutèt sa, men mesaj
Seyè sèl Mèt la voye di yo: Koulye a nou tounen kras nan
fon chodyè fèblantye, mwen pral mete nou tout fè pil nan
mitan lavil Jerizalèm. 20 Menm jan yo mete vye moso
ajan, kwiv, fè, plon ak eten nan yon chodyè sou gwo dife
pou fonn yo wete kras, m'ap move sou nou, m'ap fè kòlè,
m'ap tankou dife y'ap soufle anba chodyè fèblantye pou
fonn metal yo, m'ap fè nou fonn. 21 Wi, m'ap mete nou
ansanm nan mitan lavil Jerizalèm, m'ap limen dife anba
nou, m'ap fache sou nou, m'ap fonn nou. 22 Nou pral
fonn nan mitan lavil Jerizalèm tankou ajan k'ap fonn nan
chodyè fèblantye. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm,
Seyè a, ki move sou nou konsa. 23 Seyè a pale avè m'
ankò, li di m' konsa: 24 -Nonm o! W'a di moun pèp Izrayèl
yo yo rete nan yon peyi ki gen madichon. Wi, lè m'a move
sou yo, yo p'ap jwenn yon degout lapli. 25 Chèf ki rete
nan peyi a tankou lyon k'ap gwonde bò yon bèt yo fin
touye. Yo devore moun, yo pran tout richès ak tout byen
yo jwenn. Se pa de fanm yo kite san mari. 26 Prèt yo
menm pa kenbe lwa mwen an, yo pa gen respè pou kay
ki apa pou mwen an. Yo pa fè diferans ant bagay ki apa
pou mwen ak bagay ki pa apa pou mwen. Yo pa moutre
moun sa ki bon ak sa ki pa bon pou sèvis mwen. Yo pa
konn sa ki rele jou repo mwen yo. Se konsa pèp Izrayèl la
pa respekte m' menm. 27 Zotobre yo menm nan lavil la,
yo tankou chen mawon k'ap dechèpiye bèt yo touye. Y'ap
touye moun pou yo vòlò byen yo. 28 Pwofèt yo kache
peche pou chèf yo tankou moun k'ap kouvri yon vye miray
ak krepisay. Y'ap fè vizyon ki pa vre. Y'ap bay manti sou
sa ki pou rive. Yo pretann se mesaj mwen menm, Seyè a,
mwen ba yo, men, mwen pa janm pale ak yo. 29 Nan
tout peyi a moun yo lage kò yo nan fè mechanste, nan
vòlò zafè moun. Y'ap toupizi pòv malere yo ak moun ki
nan malsite yo, y'ap pwofite sou moun lòt nasyon yo san

rezon. 30 Mwen chache nan mitan yo yon moun ki ta ka
bati yon miray, ki ta ka kanpe kote miray yo ap kraze a,
pou pran defans peyi a lè m'a fè kòlè pou m' detwi l', men
mwen pa jwenn pesonn. 31 Se konsa, mwen pral move
sou yo. Tankou yon dife, mwen pral disparèt yo. Mwen
pral fè yo peye pou sa yo fè. Se mwen menm Seyè sèl
Mèt la ki pale.

23 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: 2 -Nonm o!
Vwala te gen de fi, pitit menm manman. 3 Depi lè
yo te jenn ti nègès y' al fè jennès nan peyi Lejip. Se la
yo lage kò yo nan lavi gason. Se la yo kite gason woule
tete yo pou premye fwa. 4 Pi gran an te rele Ola, pi piti a
Oliba. Ola se peyi Samari, Oliba se peyi Jerizalèm. Mwen
marye ak tou de, yo fè pitit gason ak pitit fi pou mwen. 5
Men, atout Ola te madanm mwen, li lage kò l' nan dezòd.
Li t'ap mouri pou moun peyi Lasiri, vwazen l' yo. Li fè
zafè ak yo. 6 Mesye sa yo te sòlda avèk bèl inifòm violèt,
gwo zotobre, ak grannèg. Yo tout te bèl jenn gason, bon
kavalye moute sou chwal yo. 7 Li te kouche ak tout gwo
chèf peyi Lasiri yo. Sitèlman li te cho dèyè mesye sa yo, li
avili tèt li, li tonbe fè sèvis pou vye zidòl moun peyi Lasiri
yo. 8 Li pa t' sispann fè metye jennès li te aprann nan
peyi Lejip la. Depi lè li te jenn ti nègès, gason ap kouche
l', y'ap woule tete l', y'ap sèvi avè l' tankou yon jennès. 9
Se poutèt sa mwen lage l' nan men nonm li yo, moun
peyi Lasiri yo. Se dèyè yo li te cho konsa! 10 Yo mete l'
toutouni, yo pran pitit gason ak pitit fi li yo. Lèfini, yo touye
l' anba kout nepe. Se te yon egzanp pou tout fanm. Yo te
fè l' peye pou sa l' te fè a dapre lalwa. 11 Atout Oliba, sè
l' la, te wè sa, li lage kò l' nan pi gwo dezòd toujou. Li
tounen yon pi gwo jennès pase Ola. 12 Li menm tou li te
cho dèyè mesye peyi Lasiri yo, grannèg, gwo zotobre,
sòlda ak bèl inifòm, bon kavalye ki moute sou chwal, yon
bann bèl jenn gason. 13 Mwen wè li te fin avili tèt li nèt:
dezyèm sè a pa t' pi bon pase premye a. 14 Men, Oliba al
pi lwen toujou nan metye jennès la. Li wè pòtre gason yo
te fè sou yon miray ak bèl penti wouj. Se te pòtre chèf
peyi Babilòn yo. 15 Avèk bèl sentiwon pase nan ren yo,
tèt yo mare ak bèl mouchwa madras, mesye yo te abiye
tankou gwo chèf. Se te pòtre moun peyi Babilòn. Se la yo
te fèt. 16 Wè li wè pòtre mesye yo, li anvi yo. Li voye
mesaje bò kote yo nan peyi Babilòn. 17 Mesye yo vini, yo
fè lamou, yo kouche avè l'. Yo pran kont plezi yo avè l', yo
fin avili li nèt. Bout pou bout, li vin rayi yo. 18 Se li menm
ankò ki mete tout zafè l' deyò. Li fè tout moun konnen se
jennès li ye. Li mete l' toutouni, li fè m' degoute l' tankou
lòt sè a. 19 Se atò li lage kò l' nan fè jennès. Li vin chonje
lè l' te jenn ti nègès ap fè jennès nan peyi Lejip. 20 Li t'ap
kouri dèyè gason ki cho tankou ou ta di mal bourik ak
poulen chwal ki pran sant fenmèl. 21 Oliba, ou te dèyè
pou ou te fè tout dezòd ou te konn fè yo lè ou te jenn ti
nègès nan peyi Lejip kote pou premye fwa mesye yo te
woule tete ou, kote yo te mete ou nan lavi gason. 22 Se
poutèt sa, Oliba, men mesaj mwen menm Seyè a voye ba
ou: Ou te vin rayi nonm ou yo! Enben, mwen pral moute
tèt yo sou ou, mwen pral fè yo soti toupatou pou yo vin
sènen ou. 23 Tout moun Babilòn yo ak moun peyi Kalde
yo, moun lavil Pekòd, moun lavil Choa, moun lavil Koa,
ansanm ak tout moun peyi Lasiri yo, mwen pral sanble
tout bèl jenn gason yo, grannèg, gwo zotobre, tout chèf,
tou sa ki gen gwo grad, bon kavalye ki moute sou chwal
yo. Mwen pral sanble yo tout. 24 Y'ap soti nan nò, y'ap
mache sou ou avèk yon gwo lame, anpil cha lagè ak anpil
kabwa pwovizyon. Avèk gwo plak fè pou pwoteje yo, kas
yo nan tèt yo, yo pral sènen ou toupatou. M' pral lage ou
nan men yo pou yo jije ou dapre lwa pa yo. 25 Ou te
pouse m' fè jalouzi, yo pral move sou ou jouk yo p'ap
kapab ankò. Yo pral koupe bwa nen ou ak fèy zòrèy ou
yo. Yo pral touye pitit ou yo. Wi, yo pral pran pitit gason
ak pitit fi ou yo nan men ou, y'ap boule yo tou vivan. 26
Y'ap wete tout rad sou ou, y'ap pran tout bijou ou te konn
mete sou ou. 27 M'ap mete yon fren nan dezòd ak metye
jennès ou t'ap fè depi nan peyi Lejip la. Ou p'ap wè yo
ankò devan je ou. Ou p'ap chonje peyi Lejip ankò. 28 Men
sa Seyè sèl Mèt la di ankò: -Mwen pral lage ou nan men
moun ou pa vle wè yo, moun ki te ba ou degoutans yo. 29
Yo pral maltrete ou tankou moun yo rayi. Yo pral pran tou
sa ou te travay fè, y'ap kite ou toutouni, san rad sou ou
tankou yon jennès. Se move lanvi ou yo ak lenkondite ou
yo 30 ki pral lakòz tout malè sa yo tonbe sou ou. Ou te
tounen yon jennès pou mesye lòt nasyon yo, ou avili tèt
ou, ou tonbe fè sèvis pou vye zidòl yo. 31 Ou mache pye
pou pye dèyè sè ou la. Se poutèt sa m'ap pini ou menm
jan mwen te pini l' la. 32 Men sa Seyè sèl Mèt la di ankò:
-Ou pral bwè nan gode sè ou la, yon gode byen fon. Tout
moun pral pase ou nan betiz, nan rizib. Gode a plen ra
bò. 33 Li pral fè ou sou. W'ap an mal makak. Se yon gode
k'ap fè moun pè, yon gode k'ap fini avè ou, gode Samari,
sè ou la. 34 W'ap bwè tout, w'ap kite l' vid. Lèfini, w'ap
kraze l' anba dan ou! Moso yo pral filange tete ou. Se
mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa. 35 Se poutèt
sa, men sa Seyè sèl Mèt la di ankò: -Paske ou te bliye
m', ou te vire do ou ban mwen, ou pral soufri pou tout
lenkondite ak dezòd ou te fè yo. 36 Seyè a pale avè m'
ankò, li di m' konsa: -Nonm o! Eske ou pare pou jije Ola
ansanm ak Oliba? Ou pral mete devan yo tout vye bagay
derespektan yo t'ap fè yo. 37 Yo fè adiltè, yo touye moun,
yo fè adiltè ak zidòl, yo touye pitit yo te fè pou mwen. Yo
ofri yo pou yo boule yo bay zidòl. 38 Se pa sa ase yo fè
m'. Menm lè sa a, yo derespekte tanp mwen an. Yo pa
respekte regleman jou repo m' yo. 39 Menm jou yo touye
pitit yo pou zidòl yo, yo vin nan tanp mwen an pou yo
derespekte l'. Men sa yo fè anndan kò kay mwen an. 40
Sa ki pi rèd ankò, yo voye mesaje al envite gason soti
byen lwen vin jwenn yo. Mesye yo vini. De sè yo benyen
byen pwòp, yo pentire je yo. Yo mete bijou yo sou yo pou
resevwa. 41 Yo chita sou bèl gwo kabann, yo pare yon
ti tab devan kabann lan. Lèfini, yo pran lansan ak lwil
mwen te ba yo, yo mete sou li. 42 Apre sa, moun tande

vwa yon pakèt gason manfouben k'ap pran plezi avèk yo.
Se te yon bann malandren yo mennen soti nan dezè a.
Mesye yo mete bèl braslè nan ponyèt medam yo ak bèl
kouwòn sou tèt yo chak. **43** Mwen di nan kè m': Fanm
lan fini afòs li fè adiltè. Atousa l'ap fè jennès toujou. **44**
Men, mesye yo tounen anpil fwa lakay li tankou kay yon
jennès. Yo tounen lakay Ola ak Oliba, fanm devègonde sa
yo. **45** Men, gason ki mache dwat yo pral jije yo tankou
yo jije fanm k'ap fè adiltè epi k'ap touye moun, paske yo
fè adiltè, yo touye moun. **46** Men sa Seyè sèl Mèt la di
ankò: Sanble yon foul moun pou mache sou yo, pou fè yo
pè, pou piye tou sa yo genyen! **47** Se pou foul moun yo
kalonnen yo wòch jouk yo touye yo. Se pou yo depatcha
yo ak nepe, touye pitit gason ak pitit fi yo, lèfini pou yo
mete dife nan kay yo. **48** Nan tout peyi a, m'ap fè moun
sispann fè libètinaj. Sa va sèvi yon avètisman pou tout
medam yo, pou yo pa fè tankou nou. **49** Pou nou menm,
de sè sa yo, mwen pral pini nou pou libètinaj nou. M'ap fè
nou peye peche nou fè lè nou t'ap sèvi zidòl yo. Lè sa a,
n'a konnen se mwen menm Seyè a ki sèl Mèt.

24 Nan dizyèm jou dizyèm mwa nevyèm lanne depi yo
te depòte pèp Izrayèl la, Seyè a pale avè m', li di m'
konsa: **2** -Nonm o! Ekri dat jòdi a, paske se jòdi a wa peyi
Babilòn lan pral sènen lavil Jerizalèm. **3** Ou pral bay yon
pawoli sou move ras moun sa yo ki gen tèt di. W'a di
yo: Men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba yo: Mete yon
chodyè sou dife, plen l' dlo. **4** Mete vyann ladan l', pi bon
moso vyann ou konnen: jigo ak zepòl. Mete bon moso zo
ladan l' tou. **5** W'a pran yo nan mouton ki pi gra yo. Mete
bon bwa anba chodyè a. Kite dlo a bouyi byen bouyi jouk
vyann lan ak zo yo byen kwit. **6** Men sa Seyè sèl Mèt la di
apre sa: -Madichon pou lavil ki renmen fè san koule a! Li
tankou yon chodyè wouye yo pa janm foubi. Wete tout
moso vyann yo yonn apre lòt. Pa chwazi pou kite anyen
ladan l'. **7** Li fè anpil san koule nan mitan li. Men, san an
pa koule atè pou pousyè te kouvri l'. San an koule sou
wòch. **8** Mwen kite san an la sou wòch yo, kote yo pa ka
kouvri l', pou l' ka mande revanj paske sa fè m' fache
anpil. **9** Men sa Seyè sèl Mèt la di: -Madichon pou lavil ki
renmen fè san koule a. Se mwen menm ki pral fè yon
gwo pil bwa. **10** Pote bwa an kantite toujou! Limen dife
a! Kwit vyann yo byen kwit! Mete zepis ladan l'! Boule
zo yo! **11** Mete chodyè fè a tou vid sou chabon dife yo.
Kite l' vin tou wouj. Konsa lawouj la va tonbe, l'a dekale.
Chodyè a va vin pwòp ankò pou l' ka sèvi. **12** Ala traka
pou wete lawouj la! Atousa, lawouj la p'ap fin soti nèt nan
dife a. **13** Jerizalèm, lawouj la se vye malpwòpte ou t'ap
fè nan libètinaj ou yo. Mwen te soti pou m' te mete ou nan
bon kondisyon, men ou pa rive fin nan bon kondisyon an
nèt. Se poutèt sa, ou p'ap janm nan bon kondisyon ankò
toutotan mwen pa fè ou santi tou sa mwen ka fè ou nan
kòlè mwen. **14** Se mwen menm, Seyè a, ki pale. Lè a
rive pou m' fè sa m' te di m'ap fè a. Mwen p'ap chanje
lide. M'ap san pitye, mwen p'ap pran priyè. Yo pral pini
ou pou sa ou te fè, pou jan ou te mennen bak ou. Se
Seyè sèl Mèt la ki di sa. **15** Seyè a pale avè m', li di m'
konsa: **16** -Nonm o! Mwen pral rete konsa, mwen pral
pran moun ou renmen tankou de grenn je nan tèt ou a.
Men, pa plenyen, pa rele, pa kite dlo sot nan je ou! **17**
Plenn sò ou. Men, pa kite moun tande ou! Pa fè anyen
ki pou moutre ou nan lapenn tankou yon moun ki gen
lanmò. Mare bèl foula ou nan tèt ou. Mete sapat nan pye
ou. Pa kouvri figi ou. Pa manje manje moun voye ba ou.
18 Jou sa a nan maten, mwen t'ap pale ak pèp la. Nan
aswè, madanm mwen rete konsa, li mouri. Nan denmen
maten, mwen fè jan Seyè a te di m' fè a. **19** Pèp la mande
m': -Eske ou ka di nou poukisa ou fè sa w'ap fè la a?
20 Mwen reponn yo: -Seyè a te pale avè m', li te di m',
21 pou m' di moun pèp Izrayèl yo men mesaj Seyè sèl
Mèt la voye pou yo: Nou kontan gwo kay solid nou mete
apa pou mwen an. Nou renmen l' tankou de grenn je nan
tèt nou, nou fèb anpil pou li. Enben, mwen pral fè yo
derespekte kay mwen an. Pitit gason ak pitit fi nou te kite
lavil Jerizalèm yo pral mouri nan lagè. **22** Lè sa a, n'a fè
jan nou wè m' fè a. Nou p'ap kouvri figi nou, nou p'ap
manje pen nan men moun. **23** N'ap toujou mare bèl foula
nan tèt nou. N'ap toujou mete sapat nan pye nou, nou
p'ap rele, nou p'ap kriye jan moun yo fè lè yo gen lanmò.
Men, nou pral deperi akòz mechanste nou yo. Nou pral
plenn sò nou yonn bay lòt. **24** Ezekyèl menm pral yon siy
pou nou. N'a fè menm jan li te fè a. Lè bagay sa a va rive,
n'a konnen se mwen menm ki Seyè sèl Mèt la. **25** Seyè a
di m' konsa: -Nonm o! M'ap wete nan men yo kay byen
solid ki te tout pwoteksyon yo a, bèl kay ki te fè kè yo
kontan an, kay yo te renmen tankou de grenn je nan tèt
yo a, kay yo te fèb anpil pou li a. M'ap wete l' ansanm ak
pitit gason ak pitit fi yo. **26** Jou sa a, yon moun va chape
kò l', l'a kouri vin pote nouvèl la ba ou. **27** Menm jou sa a,
w'a ka louvri bouch ou pale ak moun ki chape a. Wi, w'a
ka pale, ou p'ap bèbè ankò. Se konsa ou va yon siy pou
pèp la. Lè sa a, y'a konnen se mwen menm ki Seyè a.

25 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: **2** -Nonm
o! Vire tèt ou gade nan direksyon peyi Amon an.
Denonse sa moun sa yo ap fè. **3** W'a di moun peyi Amon
yo: Koute mesaj Seyè a. Men sa Seyè sèl Mèt la voye
di yo: Nou te twò kontan lè yo te derespekte kay ki apa
pou mwen an. Nou te twò kontan lè yo t'ap devalize peyi
Izrayèl la, lè yo t'ap depòte moun Jida yo. **4** Se poutèt sa
m'ap lage nou nan men moun ki soti nan dezè bò solèy
leve a. Yo pral moute kan yo nan mitan peyi nou an, se la
y'ap rete. Yo pral manje tout rekòt nou yo, y'ap bwè tout
lèt bèt nou yo. **5** M'ap fè lavil Raba tounen savann pou
chamo. M'ap fè tout peyi Amon an tounen yon gwo pak
mouton. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a. **6**
Men sa Seyè sèl Mèt la di: Nou te bat men, nou te danse
tèlman nou te kontan, paske, nan kè nou, nou pa vle wè
peyi Izrayèl la. **7** Se poutèt sa m'ap lonje men m' sou nou
pou m' pini nou, m'ap lage nou nan men moun lòt nasyon
k'ap piye nou. Ras nou an ap fini nèt sou latè, peyi nou an
ap disparèt. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm ki Seyè

a. 8 Seyè sèl Mèt la pale ankò, li di konsa: -Moun peyi
Moab yo ak moun lavil Seyi yo te di peyi Jida a tankou
tout lòt nasyon yo. 9 Enben, mwen pral fè yo atake lavil
k'ap defann fwontyè peyi Moab la. Yo pral kraze yo tout,
ata pi bèl vil yo tankou Bèt-Jechimòt, Baal Meon ak Kiriya-
Tayim. 10 M'ap lage peyi Moab ansanm ak peyi Amon
nan men moun ki soti nan dezè bò solèy leve a. Y'ap pran
yo pou yo. Konsa, yo p'ap janm chonje te gen yon peyi yo
te rele Moab ankò sou latè. 11 Se konsa m'ap pini peyi
Moab la. Lè sa a, y'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
12 Seyè sèl Mèt la pale, li di konsa: -Moun peyi Edon yo
te tire revanj yo sou peyi Jida a. Se sa ki fè yo antò anpil
lè yo t'ap tire revanj yo sou peyi Jida a. 13 Se poutèt sa,
men sa mwen menm Seyè sèl Mèt la ap di: Mwen pral
lonje men m' sou Edon pou m' pini l', mwen pral touye
dènye moun ak dènye bèt nan peyi a. M'ap fè l' tounen
yon dezè, pran depi lavil Teman rive jouk lavil Dedan. Yo
pral touye tout moun nan lagè. 14 Se pèp mwen an, pèp
Izrayèl la, ki pral tire revanj pou mwen sou peyi Edon an.
Li pral fè moun Edon yo santi jan mwen konn ankòlè, jan
m' konn move. Lè sa a, Edon va konnen jan m' konn tire
revanj mwen sou moun. Se mwen menm Seyè sèl Mèt
la ki pale. 15 Seyè sèl Mèt la di konsa: -Moun Filisti yo
pran revanj yo, yo tire revanj sou moun yo pa vle wè depi
lontan yo, yo detwi yo avèk raj. 16 Enben, men sa Seyè
sèl Mèt la di: M'ap lonje men m' sou moun Filisti yo pou
m' pini yo, m'ap disparèt yo, m'ap detwi ti rès moun ki rete
nan plenn Filisti ki bò lanmè a. 17 Se pa ti pini m' pral pini
yo, m'ap tire revanj mwen sou yo. M' pral move anpil sou
yo. Lè m'a tire revanj mwen sou yo, y'a konnen se mwen
menm ki Seyè a.

26 Nan premye jou mwa a nan onzyèm lanne depi
yo te depòte nou an, Seyè a pale avè m', li di m'
konsa: 2 -Nonm o! Lavil Tir pa t' manke kontan. Men sa li
t'ap di sou lavil Jerizalèm: Li fini! Li pa ka fè gwo kòmès li
te konn fè anvan an. Koulye a, wout kòmès la louvri gran
louvri pou mwen. Pa gen anyen lavil Jerizalèm ankò. 3
Enben, men sa Seyè sèl Mèt la di: -M'ap leve dèyè nou
tou, nou menm moun lavil Tir. Mwen pral mennen anpil
nasyon vin atake nou. Yo pral vin sou nou yonn apre lòt
tankou lanm lanmè. 4 Yo pral kraze miray ranpa lavil yo.
Y'ap demoli gwo fò won yo. Lèfini, m'ap pote tout pousyè
a ale. M'ap kite wòch yo griyen konsa. 5 Pechè yo pral
mete senn cheche sou yo, la kote lavil la te kanpe nan
mitan lanmè. Se mwen menm Seyè sèl Mèt la ki di sa.
Nasyon yo pral piye lavil la. 6 Yo pral touye tout moun
k'ap viv nan lòt lavil ki nan rès peyi a ak nepe. Lè sa a,
lavil Tir va konnen se mwen menm ki Seyè a. 7 Men sa
Seyè sèl Mèt la di: -Mwen pral voye Nèbikadneza, wa
Babilòn lan, pi gran wa pase tout wa yo, vin atake Tir. L'ap
soti nan nò avèk chwal, cha lagè, kavalye ak yon gwo
lame sòlda. 8 Li pral touye tout moun k'ap viv nan lòt lavil
ki nan rès peyi a. Li pral fouye gwo kannal, li pral anpile
ranblè tout arebò ou. Li pral moute yon miray ak plak fè
pou pare kou. 9 Li pral frape sou miray yo avèk gwo poto.
Li pral demoli gwo fò won yo ak gwo pens fè. 10 Tèlman
pral gen chwal, chwal yo pral leve yon gwo nwaj pousyè
dèyè yo ki pral kouvri lavil la. Lè kavalye l' yo ap pase
sou chwal yo, lè cha lagè yo ak kabwa pwovizyon yo ap
pase antre nan pòtay ou yo, miray yo pral tranble. Yo
pral antre nan lavil la tankou si miray yo te tonbe. 11 Nou
pral tande bri zago chwal li yo nan tout lari yo. L'ap fè yo
touye tout moun ak nepe. Bèl gwo poto solid ou yo pral
tonbe atè. 12 Yo pral pran tout richès ou yo, yo pral piye
tout machandiz ou yo. Y'ap kraze tout miray ou yo, y'ap
demoli tout bèl kay ou yo. Y'ap pran wòch yo, bwa yo ak
tout rès demoli yo, y'ap jete yo nan lanmè. 13 M'ap fè nou
sispann chante. Yo p'ap tande mizik gita nou yo ankò.
14 Lavil la pral tounen yon gwo pil wòch, se la pechè yo
pral cheche senn yo. Yo p'ap janm rebati lavil la ankò. Se
mwen menm, Seyè a, ki pale. Se mwen menm, Seyè sèl
Mèt la, ki di sa. 15 Men sa Seyè sèl Mèt la voye di moun
lavil Tir yo: Lè lavil la va tonbe nan men lènmi l' yo, lè
y'a pran masakre moun ladan l', lè moun y'ap touye yo
ap rele, moun ki rete tout bò gwo lanmè a va tranble.
16 Tout wa peyi k'ap fè kòmès sou lanmè a ap desann
soti sou fotèy yo, y'ap wete gwo manto ak bèl rad bwode
ki te sou yo. Yo pral chita atè sitèlman y'ap pè. Yo pral
sitèlman sezi wè sa ki rive nou, y'ap tranble san rete. 17
Yo pral plenn sò ou. Yo pral di: -Gade yon malè! Gwo lavil
la disparèt! Tout batiman l' yo koule! Jan moun lavil sa yo
te mèt lanmè a! Yo te fè tout moun ki rete bò gwo lanmè
a pè yo. 18 Koulye a, tout moun bò gwo lanmè yo ap
tranble lè y'a wè ou tonbe nan men lènmi ou yo. Wi, moun
ki rete bò gwo lanmè a p'ap konn sa pou yo fè lè y'a wè
jan ou fini an! 19 Paske, men sa Seyè sèl Mèt la di: -M'ap
fè ou tounen yon dezè, tankou lavil kote pa gen moun
rete. M'ap fè dlo lanmè a leve dèyè ou, l'ap kouvri ou nèt
ale. 20 M'ap fè nou desann nan peyi kote mò yo ye a,
m'ap voye nou al jwenn moun ki mouri depi lontan yo.
M'ap fè nou al rete nan peyi ki anba tè a, kote nou pral
rete pou kont nou, pou tout tan ansanm ak moun ki mouri
deja yo. Konsa, nou p'ap gen plas nou ankò sou latè pami
vivan yo. 21 Mwen pral fè tout moun pè lè yo wè sa ki rive
nou. Se konsa n'a fini. Moun va chache nou, men yo p'ap
janm jwenn nou. Se Seyè sèl Mèt la ki di sa.

27 Seyè a pale avè m', li di m' konsa: 2 -Nonm o!
Chante pou plenn sò lavil Tir! 3 W'a pale ak moun
lavil Tir yo, lavil ki kanpe bò lanmè a, lavil k'ap fè kòmès
ak dènye moun ki rete bò lanmè, w'a di yo men mesaj
Seyè sèl Mèt la voye ba yo: -Nou menm, moun lavil Tir,
k'ap mache di: Pa gen pi bèl peyi pase peyi nou an! 4
Fwontyè nou rive jouk nan mitan lanmè. Moun ki bati lavil
la te bati l' tankou yon bèl batiman. 5 Yo te pran bwapen
sou mòn Seni fè planch pou sèvi bòday nou yo. Yo pran
yon bwa sèd peyi Liban pou fè ma pou nou. 6 Yo pran
bwadchenn peyi Bazan pou fè zaviwon. Yo voye chache
bwa sèd nan lil Chip pou fè pon an. Lèfini, yo plake moso
ivwa sou tout pon an. 7 Vwal batiman an te fèt ak bèl twal

fin blan bwode ki soti peyi Lejip. Se te drapo pa nou sa!
Kabin sou pon an te kouvri ak bèl twal violèt, bèl twal
wouj ki soti nan lil Elicha. 8 Se gason ki soti lavil Sidon
ak lavil Avad k'ap naje zaviwon pou ou. Men, se moun
lavil la menm ki te fò anpil nan lamarin ki te maren sou
batiman an. 9 Se ansyen gwo bòs chapant lavil Gebal ak
bon ouvriye yo ki te abò batiman an pou fè reparasyon.
Maren tout batiman ki sou lanmè a vin fè trafik lakay ou.
10 Nan lame ou la se renk moun peyi Pès, moun peyi
Loud ak moun peyi Pout ki t'ap sèvi. Yo konn fè lagè. Se
nan kazèn ou yo yo te konn mete gwo plak fè pwotèj yo
ak kas an fè yo. Se moun sa yo ki te fè ou rive nan tout
bèl pozisyon sa a. 11 Sòlda ki soti lavil Avad ap veye sou
tout miray ranpa ou yo. Sòlda ki soti lavil Gamad t'ap fè
faksyonnè sou tout gwo fò won ou yo. Yo pandye plak fè
pwotèj yo sou tout miray yo. Se moun sa yo ki te fè ou bèl
kont bèl ou. 12 Moun lavil Tasis nan peyi Lespay vin fè
kòmès ak ou, paske ou te gen tout kalite bèl bagay an
kantite. Yo vann ou ajan, fè, fèblan ak plon pou yo te ka
achte machandiz ou yo. 13 Ou fè kòmès ak peyi Lagrès,
ak lavil Toubal, ak lavi Mechèk. Yo vann ou esklav ak
tout kalite bagay fèt an kwiv pou machandiz pa ou yo. 14
Ou fè trafik ak moun Togama. Ou vann yo machandiz
pa ou. Pou peye ou, yo ba ou chwal pou travay, chwal
pou fè lagè ak milèt. 15 Moun lavil Wòd yo fè kòmès
avèk ou tou. Moun anpil lòt peyi ki bò gwo lanmè a te fè
pratik ak ou. Ou ba yo machandiz ou yo, yo peye ak gwo
kòn ivwa ak bwa nwa. 16 Moun peyi Siri yo fè komès
avèk ou paske ou te gen anpil machandiz. Yo vann ou
bèl pyè ki koute chè, bèl twal wouj, twal bwode, grenn
koray, twal fin blan, ak pyè woubi. Ou menm, ou vann
yo machandiz pa ou. 17 Moun peyi Jida ak moun peyi
Izrayèl yo te fè kòmès avè ou tou. Pou peye ou, yo ba ou
ble, pitimi, siwo myèl, lwil oliv ak zepis. 18 Moun Damas
yo achte machandiz ou yo ak tout kalite bèl bagay ou
te gen an kantite. Yo te vann ou diven ki soti Elbon ak
lenn ki soti Saar. 19 Moun soti depi lavil Wazal, yo ba ou
diven, fè fòje, kannèl ak zepis pou machandiz ou yo. 20
Moun lavil Dadan yo ba ou sèl ak chabrak pou machandiz
ou yo. 21 Moun peyi Arabi yo ak chèf peyi Keda yo te
pratik ou tou. Yo te vann ou ti mouton, belye mouton ak
bouk kabrit. 22 Machann ki soti Seba ak Rema vin vann
ou bon kalite zepis, bèl pyè ki koute chè ak lò. 23 Moun
lavil Aran, moun lavil Kane, moun lavil Edenn, machann ki
soti lavil Seba, lavil Asou ak lavil Chilman, yo tout t'ap fè
kòmès avè ou. 24 Yo vann ou bèl twal ki koute chè, twal
wouj, twal bwode, bèl tapi tout koulè, bon kòd trese byen
solid. 25 Gwo batiman Tasis yo t'ap vwayaje toupatou al
vann machandiz ou yo. Ou te tankou yon batiman chaje
kouleba, nan mitan lanmè. 26 Moun ki t'ap naje zaviwon
yo te mennen ou byen lwen nan fon lanmè. Yon sèl van
lès te fè ou koule byen lwen nan mitan lanmè. 27 Tout
richès ou yo, tout machandiz ou yo, ak tout pwovizyon
ou yo ansanm ak tout maren ak tout moun k'ap travay
pou ou yo, bòs chapant ki pou fè reparasyon pou ou yo,
machann ou yo, tout sòlda ki te abò ou yo ansanm ak tout
foul moun ki te nan batiman an, yo tout, wi, yo tout pèdi
nan lanmè lè batiman ou lan koule. 28 Rèl maren k'ap
neye yo fè moun ki rete sou rivaj yo pran tranble. 29 Tout
moun ki t'ap naje zaviwon yo desann atè, yo kite batiman
yo. Tout maren yo rete atè. 30 Y'ap kriye pou ou, y'ap
plenn sò ou. Y'ap voye pousyè tè sou tèt yo, y'ap woule
kò yo nan sann dife, tèlman y'ap nan lapenn. 31 Yo koupe
tout cheve nan tèt yo. Yo mete rad sak sou yo. Sa fè yo
mal anpil pou ou. Yo dekouraje, y'ap plenn sò ou. 32 Nan
lapenn yo y'ap chante sou ou. Yo pral plenn sò ou ak dlo
nan je. Y'ap di: Pa te gen tankou lavil Tir ki koulye a koule
nan fon lanmè! 33 Lè ou voye machandiz ou yo vann lòt
bò dlo, tout nasyon yo jwenn sa yo bezwen. Avèk kantite
machandiz ak danre ou yo, ou te fè anpil wa vin rich. 34
Koulye a, ou koule nan fon lanmè. Tout machandiz ou
yo, tout moun ki t'ap travay pou ou yo disparèt ansanm
avè ou nan lanmè. 35 Tout moun ki rete nan peyi bò gwo
lanmè a sezi tande sa ki rive ou. Ata wa yo gen kè sote.
Yo kagou sitèlman yo pè. 36 Moun k'ap fè kòmès nan lòt
peyi yo sezi, yo pè pou sa ki rive ou la pa rive yo tou. Wi,
ou fini, ou fini nèt.

28 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: 2 -Nonm
o! Pale ak chèf peyi Tir la, di li: Men mesaj Seyè sèl
Mèt la voye ba li: Lògèy vire lòlòj ou! Ou pretann di se yon
bondye ou ye. Ou chita tankou Bondye sou fotèy ou, nan
mitan lanmè. Ou mèt pran pòz bondye ou jan ou vle, se
moun ou ye, ou pa Bondye. 3 Ou met nan tèt ou ou gen
plis konprann pase Danèl. Pa gen sekrè ki kache pou ou.
4 Se bon konprann ou ak lespri ou genyen ki fè ou rich
konsa. Ou ranmase bonkou lò ak ajan mete lakay ou. 5
Ou gen anpil ladrès nan fè kòmès, ou fè anpil lajan. Ou
kite richès ou yo vire tèt ou. 6 Se poutèt sa, men sa Seyè
sèl Mèt la voye di ou: Ou met nan tèt ou ou gen konprann
tankou Bondye. 7 Enben, mwen pral fè moun lòt nasyon
vin atake ou. San manman pase yo pa genyen. Yo pral
kraze dènye bèl bagay ou te ranmase ak bon konprann
ou an. Yo p'ap gen respè pou gwo pozisyon ou lan. 8
Yo pral touye ou. Ou pral mouri neye nan mitan lanmè.
9 Lè y'a vini pou yo touye ou la, w'a pretann di se yon
bondye ou ye toujou? Pou moun k'ap touye ou yo, se
moun w'ap ye. Ou p'ap yon bondye kras. 10 W'ap mouri
tankou moun ki pa konn Bondye. Se moun lòt nasyon
yo k'ap touye ou. Mwen fin pale. Se mwen menm, Seyè
sèl Mèt la, ki di sa. 11 Seyè a pale avè m' ankò, li di m'
konsa: 12 -Nonm o! Ou pral plenn sò k'ap tann wa peyi
Tir la. Di li: Men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba ou: Te
gen yon lè se ou ki te pi bon. Tout moun t'ap gade sou ou.
Ou te gen bon konprann. Ou te yon bèl bagay nan je tout
moun. 13 Ou t'ap viv nan jaden Edenn lan, jaden Bondye
a. Ou te mete tout kalite bèl pyè koute chè sou ou: ribi,
topaz, dyaman, krizolit, oniks, jasp, safi, malachi, emwòd.
Tout bèl bijou ki te sou ou te fèt an lò. Se jou Bondye
t'ap kreye ou la li te fè pare yo pou ou. 14 Mwen mete

yon zanj cheriben avè ou pou pwoteje ou. Se sou mòn ki
apa pou mwen an ou te rete. Ou mache nan mitan gwo
dife. 15 Depi jou Bondye kreye ou la, ou pa t' fè anyen
pou yo te fè ou repwòch, jouk jou ou konmanse fè sa
ki mal. 16 Pou fè kòmès ou mache, ou lage kò ou nan
mechanste. Ou fè peche. Se konsa mwen mete ou deyò
sou mòn ki apa pou mwen an. Ou pa t' bon pou sèvis
mwen ankò. Zanj mwen te chwazi pou pwoteje ou la mete
ou deyò nan mitan boul dife yo. 17 Ou te wè jan ou te
bèl, sa fè ou pèdi tèt ou. Paske ou te rive nan yon bèl
pozisyon, ou tanmen aji tankou moun fou. Se poutèt sa
mwen voye ou jete atè. Mwen kite ou la devan lòt wa yo
pou yo wè sa ki rive ou. 18 Ou sitèlman fè mechanste
ak vis nan kòmès ou yo, ou pa respekte ata tanp ou yo.
Mwen mete dife nan lavil ou yo. Yo boule nèt. Tout moun
ki t'ap gade ou yo wè ou tounen sann. 19 Tout moun ki te
konnen ou nan lòt peyi yo sezi, yo pè pou sa ki rive ou la
pa rive yo tou. Ou fini, ou fini nèt. 20 Seyè a pale avè m'
ankò, li di m' konsa: 21 -Nonm o! Vire tèt ou gade nan
direksyon lavil Sidon an. Denonse sa moun sa yo ap fè.
22 W'a di yo men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba yo: Nou
menm, moun lavil Sidon, n'ap leve dèyè nou tou. Apre
sa mwen pral fè nou an, moun pral fè lwanj mwen, y'a
konnen se mwen menm ki Seyè a, paske mwen pral pini
moun ki rete nan lavil la. Konsa, m'a fè moun wè se yon
Bondye apa mwen ye. 23 Mwen pral voye maladi sou yo.
San moun pral koule nan tout lari. Lènmi ap soti toupatou
vin atake yo. Moun pral mouri nan lavil la. Lè sa a, y'a
konnen se mwen menm ki Seyè a. 24 Seyè a di ankò: -
Pèp Izrayèl la ap viv nan mitan yon bann nasyon ki pa vle
wè l'. Yo tankou pikan raje k'ap grafiyen l', men yo pral
sispann giyonnen l'. Lè sa a, tout moun va konnen se
mwen menm ki Seyè a, sèl Mèt la. 25 Seyè sèl Mèt la
di ankò: -Mwen pral ranmase moun pèp Izrayèl yo nan
mitan tout nasyon kote m' te gaye yo a, m'ap mennen yo
tounen. Konsa, mwen pral fè tout nasyon yo wè se yon
Bondye apa mwen ye. Moun pèp Izrayèl yo va rete nan
peyi mwen te bay Jakòb, sèvitè m' lan. 26 Yo pral viv nan
peyi a san danje, san malè. Yo pral bati kay, y'ap plante
jaden rezen. M'ap pini tout nasyon ki rete toupre yo epi ki
pa vle wè yo. Pèp Izrayèl la menm ap viv san danje, san
malè. Lè sa a, y'a konnen se mwen menm, Seyè a, ki
Bondye yo a.

29 Sou douzyèm jou nan dizyèm mwa, dizyèm lanne
depi yo te depòte nou an, Seyè a pale avè m', li di
m' konsa: 2 -Nonm o! Vire tèt ou gade nan direksyon
peyi Lejip. Bay mesaj sa a sou farawon an, wa peyi Lejip
la, ak sou tout peyi Lejip. 3 Pale avè l'. Di li men mesaj
Seyè sèl Mèt la voye ba li. -Ou menm farawon an, wa
peyi Lejip, mwen pral leve dèyè ou tou. Ou tankou yon
gwo kayiman ki kouche nan larivyè Nil la. Ou di se pou
ou larivyè Nil la ye, se ou ki fè l'. 4 Mwen pral kwoke
yon zen antravè nan machwè ou. Tout pwason larivyè a
pral kole sou ou. Lèfini, m'ap rale ou soti nan larivyè a ak
tout pwason yo kole sou ou. 5 Mwen pral voye ou jete
ansanm ak tout pwason yo nan dezè a. Ou pral tonbe atè
a. Yo p'ap ranmase ou, ni yo p'ap antere ou. M'ap fè ou
rete la pou zwezo nan syèl ak bèt nan bwa vin manje ou.
6 Lè sa a, tout moun peyi Lejip yo va konnen se mwen
menm ki Seyè a. Seyè a di ankò: -Moun pèp Izrayèl yo te
konte sou ou, men ou pa t' pi solid pase yon baton wozo.
7 Lè yo apiye sou ou, ou kase nan men yo, ou dechire
tout po men yo. Wi, lè yo apiye sou ou, yo tonbe, ren yo
kase. 8 Se poutèt sa, koulye a, men sa Seyè sèl Mèt la di
ou: Mwen pral voye moun atake ou avèk nepe. Yo pral
touye dènye moun ak dènye bèt lakay ou. 9 Peyi Lejip la
pral tounen yon dezè kote moun pa rete, yon pil mazi. Lè
sa a, y'a konnen se mwen menm ki Seyè a. Ou te di se
pou ou Nil la ye, se ou ki fè l'. 10 Enben, mwen pral leve
dèyè ni ou, ni Nil ou a. Mwen pral fè peyi Lejip la tounen
yon pil mazi, yon dezè kote moun pa rete depi lavil Migdòl
nan nò jouk lavil Aswan nan sid, rive desann sou fwontyè
peyi Letiopi. 11 p'ap rete yon moun ni yon bèt nan peyi a.
Pandan karant lanne peyi a ap rete san yon moun ladan
l'. 12 M'ap fè peyi Lejip la tounen peyi ki pi devaste sou
tout latè. Pandan karant lanne tout lavil peyi Lejip yo pral
tounen mazi. Y'ap kraze pi mal pase mazi nenpòt ki lòt
lavil ki devaste. Mwen pral depòte moun peyi Lejip yo nan
lòt nasyon. M'ap gaye yo nan divès lòt peyi. 13 Men sa
Seyè sèl Mèt la di ankò: Apre karantan, m'ap pase men
pran moun peyi Lejip yo nan mitan lòt nasyon kote mwen
te gaye yo a, 14 m'ap mennen yo tounen lakay yo. M'ap
fè yo al rete nan zòn Patwòs la, kote zansèt yo te soti a.
Y'ap fòme yon ti peyi tou fèb. 15 Lè sa a, se va pi piti
peyi nan tout peyi sou latè. Li p'ap janm rive donminen
ankenn lòt nasyon. L'ap tèlman fèb, li p'ap janm ka fòse
ankenn lòt nasyon fè volonte li. 16 Pèp Izrayèl la p'ap
janm bezwen konte sou li ankò. Sa va fè pèp Izrayèl la
chonje jan li te gen tò pou l' te fye moun sa yo. Lè sa a,
y'a konnen se mwen menm Seyè a ki sèl Mèt la. 17 Nan
premye jou nan premye mwa, vennsetyèm lanne depi yo
te depòte nou an, Seyè a pale avè m', li di m' konsa: 18 -
Nonm o! Nèbikadneza, wa Babilòn lan, fè lame l' la fè
yon gwo jefò pou y' al atake lavil Tir. Li fè sòlda yo travay
sitèlman nan pote chay lou, yo pèdi tout cheve nan mitan
tèt yo, tout zepòl yo kòche. Men, ni wa a, ni lame l' la pa
soti ak anyen apre gwo atak sa a yo te fè sou lavil la. 19
Se poutèt sa, men sa Seyè sèl Mèt la di: Mwen pral bay
Nèbikadneza, wa Babilòn lan, peyi Lejip la pou li. Li pral
pran tout richès li yo, l'ap mete men sou tou sa li jwenn,
l'ap piye peyi a nèt: Se konsa l'a peye sòlda li yo. 20 Wi,
pou tout gwo sèvis li rann mwen yo, m'ap fè l' kado peyi
Lejip la. Paske, se pou mwen yo t'ap travay. Se mwen
menm Seyè sèl Mèt la ki di sa. 21 Lè sa a, m'ap fè pèp
Izrayèl la pran fòs. Ou menm menm, Ezekyèl, m'ap ba ou
lizay lapawòl ankò pou tout moun ka tande ou. Konsa, y'a
konnen se mwen menm ki Seyè a.

30 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: 2 -Nonm
o! Bay mesaj Bondye a! Fè konnen sa Seyè sèl Mèt
la voye ou di: -Rele non! Ala yon move jou! 3 Jou a ap

pwoche. Wi, dat pou Seyè a aji a ap pwoche vre. Jou sa
a, syèl la ap fèmen. Se va yon jou malè pou nasyon yo.
4 Pral gen lagè nan tout peyi Lejip. Gwo lafliksyon pral
tonbe sou peyi Letiopi. Anpil moun pral mouri nan peyi
Lejip. Yo pral piye peyi a nèt ale. Y'a kraze ata fondasyon
kay li yo. 5 Nan lagè sa a, yo pral touye tout sòlda li yo,
ki vle di tout moun peyi Letiopi, moun peyi Pout, moun
peyi Loud, moun peyi Arabi, moun peyi Koub. Ata moun
peyi pa m' lan, Izrayèl, ki t'ap sèvi nan lame Lejip la ap
mouri ansanm ak yo tou. 6 Men sa Seyè a di ankò: -Tout
moun ki t'ap pran defans peyi Lejip la pral mouri. Gwo bèl
lame Lejip la pral disparèt. Wi, depi lavil Migdòl nan nò
desann lavil Aswan nan sid, yo tout ap mouri nan lagè. Se
mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa. 7 Se peyi sa a ki
pral pi mal nan tout peyi yo devaste yo. Lavil li yo pral
tounen mazi nèt. 8 Lè m'a mete dife nan peyi Lejip, lè tout
moun ki t'ap goumen pou li yo va tonbe mouri, lè sa a
y'a konnen se mwen menm ki Seyè a. 9 Lè jou sa a va
vini, jou pou yo detwi peyi Lejip la, m'ap voye mesaje nan
bato pou y' al pran tèt moun ki t'ap viv kè pòpòz nan peyi
Letiopi yo. Moun sa yo pral kraponnen anpil. Wi, jou sa a
pa lwen rive. 10 Seyè sèl Mèt la di ankò: Mwen pral sèvi
ak Nèbikadneza, wa Babilòn lan, pou m' fini ak richès peyi
Lejip la. 11 Wa a va vini ak lame sòlda li yo pou yo ravaje
tout peyi a. Se moun Babilòn sa yo ki pi mechan pase
tout lòt nasyon. Yo pral atake peyi Lejip avèk nepe yo
nan men yo. Pral gen kadav nan tout peyi a. 12 Mwen
pral cheche dlo larivyè Nil la, m'ap lage peyi a nan men
ansasen. M'ap fè moun lòt nasyon yo ravaje peyi a nèt
ansanm ak tou sa ki ladan l'. Se mwen menm Seyè a ki
di sa. 13 Seyè sèl Mèt la di ankò: Mwen pral detwi tout
zidòl yo, m'ap disparèt tout fo bondye ki lavil Menmfis yo.
p'ap gen pesonn pou gouvènen peyi Lejip la. M'ap fè tout
moun nan peyi a pran tranble tèlman y'ap pè. 14 M'ap
devaste zòn Patwòs la nan sid peyi a. M'ap mete dife nan
lavil Zoan nan nò. M'ap pini lavil Tèb, kapital peyi a. 15
M'ap fè moun lavil Sin yo, lavil ki plen gwo ranpa pou
defann peyi a, santi jan mwen konn fache. M'ap detwi tout
richès lavil Tèb la. 16 M'ap mete dife nan peyi Lejip. Lavil
Sin lan pral nan gwo lapenn. Gwo miray lavil Tèb yo pral
fann, y'ap kraze. Dlo pral anvayi tout lavil la. 17 Tout jenn
gason lavil Eliopolis ak lavil Boubastis yo ap mouri nan
lagè. Y'ap depòte tout rès moun yo. 18 Fènwa pral kouvri
lavil Tapanès gwo jounen, lè m'a kraze otorite pouvwa
peyi Lejip la. Lè m'a fini ak fòs kouraj ki t'ap fè l' gonfle
lestonmak li a, yon gwo nwaj pral kouvri tout peyi Lejip.
Yo pral depòte dènye moun li yo. 19 Se konsa mwen pral
pini peyi Lejip. Lè sa a, y'a konnen se mwen menm ki
Seyè a. 20 Nan setyèm jou premye mwa, onzyèm lanne
depi yo te depòte nou an, Seyè a pale avè m', li di m'
konsa: 21 -Nonm o! Mwen kase ponyèt farawon an, wa
Lejip la. Pa gen pesonn ki mete renmèd sou li, pesonn ki
mete l' nan fòm pou l' ka pran, pou l' ka gen fòs kenbe
nepe nan men l' ankò. 22 Se poutèt sa, koulye a men sa
Seyè sèl Mèt la di: M'ap leve dèyè farawon an, wa peyi
Lejip la. Mwen pral kase tou de ponyèt li yo, ni sa ki te
enganm lan ni sa ki te kase deja a. M'ap fè nepe a soti
tonbe nan men l'. 23 Mwen pral gaye moun peyi Lejip yo
nan lòt peyi, mwen pral simaye yo nan mitan divès lòt
nasyon sou latè. 24 Mwen pral bay ponyèt wa Babilòn lan
fòs, m'ap mete nepe pa m' lan nan men l'. M'ap kase tou
de ponyèt farawon yo. Li pral rakle, li pral soufri anpil, li
pral mouri devan lènmi l' lan. 25 Wi, m'ap bay ponyèt wa
Babilòn lan fòs, men m'ap febli ponyèt farawon an. Lè m'a
bay wa Babilòn lan nepe pa m' lan, lè l'a lonje l' sou peyi
Lejip la, tout moun va konnen se mwen menm ki Seyè a.
26 M'ap gaye moun peyi Lejip yo nan lòt peyi, mwen pral
simaye yo nan mitan divès lòt nasyon sou latè. Lè sa a,
y'a konnen se mwen menm ki Seyè a.

31 Nan premye jou twazyèm mwa onzyèm lanne depi
yo te depòte nou an, Seyè a pale avè m' ankò, li di
m' konsa: 2 -Nonm o! Pale ak farawon an, wa peyi Lejip
la, ansanm ak tout pèp li a. Di yo. -Jan ou gen pouvwa sa
a, Kisa mwen ta di ou sanble la a! 3 Bon. Ou tankou yon
pye sèd nan peyi Liban avèk gwo bèl branch li yo plen fèy
ki bay gwo lonbraj, yon pyebwa byen wo ak tèt li pèdi
nan nwaj yo. 4 Lapli tonbe fè l' pouse Rivyè anba tè fè l'
grandi. Gwo dlo pete nan tout rasin li yo. Yo fè kannal
wouze tout pyebwa nan zòn lan. 5 Paske li te jwenn
anpil dlo, li te grandi, li vin pi wo pase tout lòt pyebwa yo.
Branch li pran fòs, yo vin byen long. 6 Tout kalite zwezo
te vin fè nich nan branch li yo. Se anba branch li yo bèt
nan bwa vin miba. Se nan lonbraj li anpil nasyon vin chita.
7 Se te yon bèl pyebwa byen wo, ak branch li yo byen
long. Rasin li yo te desann byen fon nan dlo anba tè a. 8
Nan jaden Bondye a, pa t' gen pye sèd tankou l'. Okenn
pye pichpen pa t' gen branch tankou pa l' yo. Okenn pye
sikren pa t' gen ti branch konsa. Nan jaden Bondye a, pa
t' gen bèl pyebwa tankou l'. 9 Mwen te fè l' byen bèl ak
anpil branch. Nan jaden Edenn lan, jaden Bondye a, tout
pyebwa te anvye sò l'. 10 Koulye a, men sa Seyè sèl
Mèt la di: Paske li te grandi byen wo a, paske tèt li te
pèdi nan nwaj yo, li kite lògèy vire tèt li. 11 Se poutèt sa,
mwen voye l' jete, mwen lage l' nan men gwo chèf tout
nasyon yo pou fè l' peye tout mechanste l' yo. 12 Yon
bann moun lòt nasyon vini. Mechan pase yo pa genyen.
Yo koupe pyebwa a, yo lage l' atè. Ti branch li yo gaye
sou tout mòn yo ak nan fon yo. Gwo branch li yo kase, yo
tonbe nan tout ravin nan peyi a. Moun lòt nasyon ki t'ap
viv nan lonbraj li yo, tout met deyò, yo kite l' pou kont
li. 13 Zwezo vini poze sou rès pyebwa ki atè a. Bèt nan
bwa ap mache sou tout branch li yo. 14 Konsa, depi jòdi
a, yon pyebwa te mèt wouze byen wouze, li p'ap janm
rive wotè sa a ankò. Li p'ap janm grandi pou tèt li rive
pèdi nan nwaj yo ankò. Yon pyebwa te mèt byen wouze li
p'ap rive wotè sa a ankò pou l'ap gonfle lestonmak li sou
mwen. Tout pyebwa yo gen pou mouri tankou moun, yo
gen pou yo desann al jwenn moun ki deja anba tè yo. 15
Men sa Seyè sèl Mèt la di ankò: -Jou pyebwa a desann
nan peyi kote mò yo ye a, m'ap fè dlo anba tè a kouvri l'

nèt, pou tout moun ka nan lapenn. M'ap fè dlo larivyè yo
sispann koule. M' p'ap kite ankenn dlo koule nan kannal.
M'ap voye yon gwo fènwa sou mòn peyi Liban yo. Tout
rakbwa nan zòn lan pral deperi poutèt li. **(Sheol h7585)** **16**
Lè mwen voye l' jete nan peyi kote mò yo ye a, bri li fè lè
l'ap tonbe a fè tout nasyon yo tranble. Tout pyebwa nan
jaden Edenn, tout pi bèl pyebwa nan peyi Liban, pyebwa
ki te byen wouze yo men ki te desann ale deja nan peyi
kote mò yo ye a pral kontan tonbe li tonbe a. **(Sheol h7585)**
17 Y'ap desann ansanm avè l' nan peyi kote mò yo ye a
pou y' al jwenn sa ki te mouri nan lagè anvan yo. Lè sa a,
tout moun ki t'ap viv nan lonbraj li yo pral gaye nan mitan
tout lòt nasyon yo. **(Sheol h7585)** **18** Nan tout pyebwa jaden
Edenn yo, kilès ki te bèl, kilès ki te wo tankou ou? Men
koulye a, tankou tout lòt pyebwa jaden an, ou pral desann
ale nan peyi ki anba tè a. Ou pral jwenn moun ki pa pote
mak kontra Bondye a, moun ki mouri nan lagè yo. Se sa
k'ap rive farawon an ansanm ak tout pèp li a. Se mwen
menm Seyè sèl Mèt la ki pale.

32 Nan premye jou nan douzyèm mwa douzyèm lanne
depi yo te depòte nou an, Seyè a pale avè m', li di
m' konsa: **2** -Nonm o! Chante yon chante pou plenn sò
farawon an, wa peyi Lejip la. Ba l' mesaj sa a pou mwen:
Ou pran pòz lyon ou nan mitan lòt nasyon yo. Men pou di
vre, ou tankou yon gwo kayiman k'ap benyen nan larivyè
a. Ou leve tout fon dlo a ak pat ou yo, ou sal tout dlo a.
3 Men sa Seyè sèl Mèt la voye di ou: Nan mitan anpil
nasyon ki va sanble bò kote ou, m'ap voye privye mwen
sou ou pou m' pran ou. **4** M'ap voye ou jete atè, m'ap
blayi ou nan mitan jaden yo. M'ap fè tout kalite zwezo
ak bèt nan bwa vin manje plen vant yo ak kadav ou. **5**
Mwen pral kouvri tout mòn ak tout fon yo ak kadav ou
k'ap dekonpoze. **6** M'ap wouze tout peyi a ak san ou.
M'ap vide san ou sou mòn yo, jouk ravin yo pral plen dlo
kò ou. **7** Lè m'ap disparèt ou a, m'ap kouvri syèl la, m'ap
bouche zetwal yo. M'ap kache solèy la dèyè nwaj yo, lalin
lan p'ap klere ankò. **8** Poutèt ou, m'ap tenyen dènye limyè
nan syèl la. Pral fènwa nèt sou tout latè. Se mwen menm
Seyè sèl Mèt la ki di sa. **9** Anpil moun pral gen lespri
yo boulvèse lè m' fè nouvèl jan ou fini an gaye nan tout
nasyon yo, ata nan peyi ou menm ou pa janm konnen.
10 M'ap fè anpil nasyon sezi wè sa k'ap rive ou la. Lè
m'ap lonje nepe m' lan devan yo, wa yo pral tranble nan
kanson yo. Jou w'ap tonbe a, yo tout pral tranble. Y'ap pè
pou yo pa pèdi lavi yo tou. **11** Men sa Seyè sèl Mèt la
voye di wa peyi Lejip la: -Nepe wa Babilòn lan pral tonbe
sou ou. **12** Mwen pral fè sòlda peyi ki pi mechan an touye
tout pèp ou a ak nepe yo. Yo pral ravaje tout bèl bagay ki
te fè ou kontan nan peyi Lejip la. Yo pral touye dènye
kras moun nan peyi a. **13** M'ap touye tout bèt nou yo bò
dlo a. p'ap rete yon grenn moun ni yon sèl bèt pou sal
dlo yo ankò. **14** M'ap kite dlo yo poze, m'ap fè larivyè yo
koule tou dousman. Se mwen menm Seyè sèl Mèt la ki di
sa. **15** Lè m'a fè peyi Lejip la tounen yon dezè, lè m'a
devaste tout bagay nan peyi a, lè m'a touye dènye moun
ki rete nan peyi a, lè sa a y'a konnen se mwen menm ki
Seyè a. **16** Men chante y'a chante pou plenn sò peyi Lejip
la. Medam lòt nasyon yo va chante l' lè y'ap kriye pou
peyi Lejip ansanm ak tout pèp li a. Wi, se chante sa a y'a
chante lè y'ap kriye pou yo. Se mwen menm Seyè a ki di
sa. **17** Nan kenzyèm jou premye mwa douzyèm lanne
depi yo te depòte nou an, Seyè a pale avè m' ankò. Li di
m' konsa: **18** -Nonm o! Plenn sò tout moun peyi Lejip yo.
Voye yo desann ansanm ak tout lòt moun gwo nasyon
yo nan peyi kote mò yo ye a, anba tè kote moun ki deja
mouri yo ye. **19** Di yo konsa: -Nou konprann nou pi bèl
pase tout moun? Enben, nou pral desann nan peyi kote
mò yo ye a. Nou pral kouche ansanm ak moun ki pa pote
mak kontra Bondye a. **20** Moun peyi Lejip yo pral tonbe
ansanm ak moun ki mouri nan lagè yo. Gen yon nepe
ki pare pou touye yo tout. **21** Sòlda ki te pi vanyan yo
ansanm ak tout moun ki te pran pozisyon ak moun peyi
Lejip yo pral resevwa yo nan peyi kote mò yo ye a. Yo
pral di: Moun ki pa pote mak kontra Bondye a ap mouri
nan lagè, yo desann isit la. Se la yo vin kouche! **(Sheol
h7585)** **22** Peyi Lasiri a la avèk tonm tout sòlda li yo bò
kote l'. Yo tout mouri nan lagè. **23** Yo mete tonm yo anba
nèt nan peyi kote mò yo ye a. Tout sòlda li yo mouri nan
lagè. Tout tonm yo bò kote l'. Se yo menm ki te mache fè
moun pè yo toupatou sou latè. **24** Peyi Elam lan la tou
avèk tonm tout sòlda li yo bò kote l'. Yo tout mouri nan
lagè. Yo pa pote mak kontra Bondye a, yo desann konsa
nan peyi kote mò yo ye a, yo menm ki te mache fè moun
pè yo toupatou sou latè. Koulye a yo wont, y'ap peye
mechanste yo, yo mouri ansanm ak moun ki desann nan
twou san fon an. **25** Wa peyi Elam lan kouche nan mitan
moun pa l' yo ki mouri nan lagè. Tonm sòlda li yo bò kote
l'. Yo pa pote mak kontra Bondye a, yo mouri konsa nan
lagè. Sou latè, yo te mache fè tout moun pè yo. Koulye a
yo wont, y'ap peye mechanste yo. Yo desann nan twou
san fon an ansanm ak moun ki mouri nan lagè yo. **26** Wa
peyi Mechèk la ak wa peyi Toubal la tou, ansanm avèk
tonm sòlda yo bò kote yo. Yo pa pote mak kontra Bondye
a, yo mouri konsa nan lagè. Yon lè yo t'ap mache fè tout
moun pè sou latè. **27** Yo p'ap fè bèl lantèman pou yo
tankou pou vanyan sòlda tan lontan yo, ki te desann nan
peyi kote mò yo ye a ak tout zam yo sou yo, nepe yo
anba tèt yo ak plak fè pwotèj yo anwo kadav yo. Paske
yon lè yo t'ap mache fè tout moun pè yo sou latè. **(Sheol
h7585)** **28** Se konsa moun peyi Lejip yo pral mouri tankou
moun ki pa pote mak kontra Bondye a, y'ap antere yo
ansanm ak moun ki te mouri nan lagè yo. **29** Peyi Edon
an la tou ansanm ak tout wa li yo ak chèf li yo. Yon lè
yo te vanyan sòlda, men koulye a yo kouche nan peyi
kote mò yo ye a ansanm ak moun ki pa pote mak kontra
Bondye a epi ki te mouri nan lagè. **30** Tout chèf peyi nan
nò yo la tou ansanm ak tout moun peyi Sidon yo. Yo
te sitèlman gen fòs, yo te fè moun pè yo. Koulye a, yo
desann nan twou san fon an. Yo pote wont mechanste yo

anba tè a ak yo. Yo mete yo kouche ansanm ak moun ki
pa pote mak kontra Bondye a, epi ki te mouri nan lagè
yo. 31 Se pral yon gwo konsolasyon pou wa peyi Lejip la
ansanm ak sòlda li yo, lè y'a wè tout kantite moun ki te
mouri nan lagè. Se Seyè sèl Mèt la menm ki di sa. 32
Atout mwen te fè wa peyi Lejip la mache fè moun pè l'
toupatou sou latè, y'ap touye l' ansanm ak tout sòlda li yo.
Ni li ni sòlda li yo pral kouche ansanm ak moun ki pa pote
mak kontra Bondye a epi ki mouri nan lagè yo. Se mwen
menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.

33 Seyè a pale avè m' ankò. Li di m' konsa: 2 -Nonm
o! Pale ak moun pèp Izrayèl yo. W'a di yo konsa: Lè
m'ap voye lènmi atake yon peyi, moun peyi a va chwazi
yonn nan yo, y'a mete l' faksyonnè pou veye peyi a. 3 Lè
faksyonnè a va wè lènmi ap pwoche, l'a bay yon kout
klewon pou avèti moun yo. 4 Si yon moun tande klewon
an, men li pa okipe l', kifè lènmi an rive, li touye l', se
djòb pa moun sa a, l'ap pote reskonsablite lanmò li. 5 Li
tande kout klewon an pati, men li pa okipe sa, kifè sa
lakòz li mouri. Paske si li te koute avètisman an, li ta ka
pa mouri. 6 Men, si faksyonnè a wè lènmi ap vini epi li pa
bay kout klewon an pou avèti moun yo, lènmi an ap vini,
l'ap touye moun. Moun yo ap mouri akòz peche yo fè, se
vre. Men, se faksyonnè a k'ap pote reskonsablite lanmò
yo. 7 Koulye a, nonm o! Mwen mete ou faksyonnè pou
veye pou pèp Izrayèl la. Lè w'a tande mesaj m'a ba ou a,
w'a avèti yo pou mwen. 8 Si mwen fè ou konnen yon
mechan gen pou l' mouri, epi ou pa avèti l' pou l' chanje,
pou l' kite move pant l'ap swiv la pou l' ka sove lavi l', l'ap
toujou mouri poutèt peche l' yo, men se ou menm m'ap
rann reskonsab lanmò li. 9 Men, si ou avèti mechan an,
lèfini li pa chanje, li pa kite move pant l'ap swiv la, l'ap
mouri poutèt peche l' yo, men ou menm w'ap sove lavi pa
ou. 10 Seyè a pale avè m', li di m' ankò: -Nonm o! W'a
fè moun pèp Izrayèl yo chonje jan yo t'ap plede repete:
Peche nou yo ak fòt nou yo ap peze lou sou nou. Se fini
y'ap fini ak nou! Nou pa ka viv nan kondisyon sa a ankò!
11 Enben, ou menm w'a di yo: Jan nou konnen mwen
vivan vre a, se mwen menm Seyè a k'ap pale! Men sa
mwen di: Mwen pa pran ankenn plezi nan wè mechan yo
mouri. Mwen ta pito wè yo sispann fè sa ki mal pou yo ka
viv. Nou menm moun pèp Izrayèl yo, sispann fè sa nou
pa dwe fè. Tounen vin jwenn mwen. Poukisa se lanmò
n'ap chache konsa? 12 Ou menm, nonm o! Men sa w'a di
moun ou yo: Yon moun te mèt bon kou l' bon, li te mèt
mache dwat kou l' mache dwat, jou li fè sa ki mal, li gen
pou l' peye sa. Jou mechan an va sispann fè sa ki mal, yo
p'ap pini l' pou sa li te konn fè a. Konsa tou, lè yon moun
ki t'ap mache dwat pran fè sa ki mal, yo p'ap gade sou jan
l' te konn mache dwat la pou yo pa fè l' peye sa l' fè a. 13
Wi, mwen deklare tout moun k'ap mache dwat yo gen pou
viv. Men, si yo tanmen mete nan tèt yo, paske yo te konn
mache dwat la yo gen dwa fè sa ki mal, mwen p'ap chonje
jan yo te konn mache dwat la menm. Y'ap mouri paske yo
fè sa yo pa t' dwe fè. 14 Konsa tou, m' avèti tout mechan
yo yo gen pou mouri. Men, si yon mechan sispann fè sa
ki mal, epi li tanmen mache dwat devan mwen, l'ap fè
sa ki byen, 15 si pa egzanp, li renmèt garanti yo te ba li
pou lajan li te prete, si l' renmèt sa li te vòlò a, osinon
si li sispann fè sa ki mal pou li mache dapre lòd mwen
k'ap bay lavi a, li p'ap mouri, se viv pou li viv. 16 M'ap
padonnen tout peche li te fè yo. L'ap viv paske l'ap mache
dwat devan mwen, l'ap fè sa ki byen. 17 Moun ou yo
ap plede di: Sa Bondye ap fè a pa bon. Men, se sa yo
menm y'ap fè a ki pa bon. 18 Lè moun k'ap mache dwat
la sispann fè sa ki byen pou l' lage kò l' nan fè sa ki mal,
l'ap mouri poutèt sa. 19 Konsa tou, lè mechan an sispann
fè mechanste pou li mache dwat, pou li fè sa ki byen, l'ap
sove lavi l' poutèt sa. 20 Nou di sa Bondye sèl Mèt la ap fè
a pa bon. Enben, m'ap jije chak moun dapre sa yo fè. Nou
tande, moun pèp Izrayèl yo! 21 Nan senkyèm jou, dizyèm
mwa, douzyèm lanne depi yo te depòte nou an, yon moun
ki te resi chape kò l' soti lavil Jerizalèm vin pote nouvèl
ban mwen, li di m' lavil la tonbe nan men lènmi. 22 Lavèy
jou sa a, nan aswè, mwen te santi pouvwa Seyè a chita
sou mwen avèk fòs. Nan maten, lè moun lan rive, Seyè a
demare lang mwen pou m' te ka pale. Mwen pa t' bèbè
ankò. 23 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: 24 -
Nonm o! Rès moun k'ap viv nan lavil yo fin kraze nan peyi
Izrayèl la ap plede di: Abraram te pou kont li. Yo te ba li
tout peyi a pou li. Nou menm nou anpil. Konsa, tout peyi a
ap rete pou nou. 25 Men sa pou ou di yo: Seyè sèl Mèt la
pale, li voye di nou: N'ap manje vyann ak tout san li ladan
l'. N'ap fè sèvis pou zidòl, n'ap mete san moun deyò, epi
nou mete nan tèt nou tout peyi a pral rete pou nou? 26
Nou met konfyans nou nan nepe nou. N'ap fè yon bann
bagay ki derespektan. Tout gason marye ap kouche ak
madanm frè parèy yo. Epi nou mete nan tèt nou tout peyi
a pral rete pou nou? 27 W'a pale ak yo, w'a di yo men
mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba yo: Jan nou konnen mwen
vivan vre a, se mwen menm Seyè a k'ap pale: Rès moun
k'ap viv nan lavil kraze yo pral mouri nan lagè. Moun k'ap
viv andeyò yo, se bèt nan bwa ki pral manje yo. Moun ki
al kache kò yo nan mòn, nan twou wòch, se maladi ki pral
fini ak yo. 28 M'ap fè peyi a tounen yon dezè san pesonn
ladan l'. Fòs pouvwa ki te fè l' ap gonfle sou moun lan pral
kraze. Mòn peyi Izrayèl yo pral tounen savann. Pesonn
p'ap ka vwayaje pase ladan yo. 29 Lè m'a pini pèp la
pou tout bagay derespektan yo fè yo, lè m'a fè peyi a
tounen yon dezè san pesonn ladan l', lè sa a, y'a konnen
se mwen menm ki Seyè a. 30 Seyè a di m' konsa: -Nonm
o! Tout pèp la sou do ou lè yo kontre yonn ak lòt bò miray
lavil la, nan papòt lakay yo. Yonn ap di lòt: Ann al tande
ki mesaj Seyè a voye ban nou fwa sa a! 31 Se konsa,
tankou si yo te gen dizon, tout pèp la ap sanble bò kote
ou, y'ap vin chita devan ou pou yo ka koute sa w'ap di.
Men, yo p'ap fè sa w'ap di yo fè. Yo pran pawòl ou yo pou
fè bèl fraz. Se enterè yo ase yo konnen. 32 Pou yo, ou pa
anyen pase yon mizisyen ki gen bèl vwa, k'ap chante bèl

ti chante swa, ki konn jwe mizik byen. Y'ap koute tou sa
w'ap di yo, men yo p'ap fè sa ou di yo fè. 33 Men, lè sa
ou di ki gen pou rive a rive vre, paske l'ap rive vre, se lè
sa a y'a rekonèt te gen yon pwofèt nan mitan yo.

34 Seyè a pale avè m', li di m' konsa: 2 -Nonm o! Bay
mesaj sa a sou tout chèf ki reskonsab pèp Izrayèl
la. Bay yo mesaj la, di yo: Men sa Seyè sèl Mèt la voye di
yo: Madichon pou gadò pèp Izrayèl yo! Yo te mete yo
la pou yo te swen pèp la, men se pwòp tèt yo ase yo
konnen. 3 Nou bwè lèt mouton yo, nou pran lenn sou do
yo pou fè rad mete sou nou, nou touye sa ki pi gra yo pou
nou manje. Men, nou pa janm swen mouton yo. 4 Nou pa
bay sa ki mèg yo manje pou yo pran fòs. Nou pa swen sa
ki malad yo. Nou pa mete renmèd sou sa ki blese yo.
Nou pa fè sa ki te soti nan bann yo tounen nan plas yo.
Nou pa al chache sa ki te pèdi yo. Lekontrè, nou sèvi ak
pozisyon chèf nou an pou n' kraze yo, pou n' maltrete yo.
5 Paske mouton yo te san gadò, yo gaye nan raje yo, bèt
nan bwa touye yo. 6 Se konsa mouton yo gaye sou gwo
mòn yo ak sou ti mòn yo. Mouton yo gaye toupatou sou
latè. Pesonn pa okipe yo, pesonn pa chache kote yo ye.
7 Se poutèt sa, nou menm gadò ki reskonsab pèp Izrayèl
la, koute sa Seyè a voye di nou. 8 Jan nou konnen mwen
vivan vre a, se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, k'ap pale.
Bèt nan bwa atake mouton m' yo, yo devore yo, paske yo
te san gadò. Gadò m' yo pa fè anyen pou mouton m' yo.
Se tèt pa yo ase yo konnen. Yo pa swen mouton m' yo. 9
Konsa, nou menm gadò pèp la, koute pawòl mwen menm,
Seyè a, m'ap di nou. 10 Wi, men sa mwen menm, Seyè
sèl Mèt la, voye di nou: M'ap leve dèyè nou! M'ap wete
mouton yo nan men nou. Mwen p'ap kite nou reskonsab
mouton m' yo ankò. Konsa nou p'ap rete chita ap angrese
tèt nou ase sou do mouton m' yo. Wi, m'ap wete mouton
m' yo anba dan nou. Nou p'ap ka pwofite sou yo ankò. 11
Men sa Seyè sèl Mèt la di ankò: -Se mwen menm menm
ki pral chache mouton m' yo pou m' swen yo. 12 Menm
jan yon gadò mache swen mouton l' yo ki te gaye, konsa
m'ap mache sanble tout mouton m' yo, m'ap pran yo tout
kote yo te gaye yo depi jou fènwa a, jou gwo malè a,
m'ap fè yo tounen. 13 M'ap fè yo soti nan mitan moun lòt
nasyon yo, m'ap sanble yo, m'ap mennen yo tounen nan
pwòp peyi pa yo. M'ap mennen yo vin manje sou tout
mòn peyi Izrayèl yo, nan fon yo, tout kote moun ka rete
nan peyi a. 14 M'ap kite yo manje nan bon jaden zèb.
Sou tout mòn byen wo nan peyi Izrayèl la, yo pral jwenn
kote pou yo rete san danje. Se la yo pral poze kò yo,
yo pral jwenn kont zèb vèt yo sou tout mòn peyi Izrayèl
yo. 15 Se mwen menm ki pral okipe mouton m' yo. Se
mwen menm k'ap jwenn yon kote pou yo poze. Se mwen
menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa. 16 Sa ki pèdi yo, m'ap
chache yo. Sa ki te soti nan bann yo, m'ap fè yo tounen
nan plas yo. Sa ki blese yo, m'ap mete renmèd pou yo.
Sa ki malad yo, m'ap geri yo. Men, sa ki gra yo, sa ki
byen gwo yo, m'ap touye yo. M'ap swen mouton m' yo jan
m' dwe fè l' la. 17 Pou nou menm, mouton m' yo, men sa
mwen menm, Seyè sèl Mèt la, mwen voye di nou. Mwen
pral jije nou chak. M'ap mete bon yo yon bò, move yo yon
bò, belye mouton yo yon bò, bouk kabrit yo yon bò. 18
Genyen nan mitan nou, se yo ase ki pou manje pi bon
zèb yo. Men, sa pa kont yo toujou. Se pou yo pilonnen
anba pye yo sa ki pa manje yo. Se yo ase ki pou bwè bèl
dlo fre. Men sa pa kont yo toujou, fòk yo sal rès dlo a ak
pye yo. 19 Konsa, rès mouton m' yo blije manje zèb lòt yo
te pilonnen anba pye yo. Yo blije bwè rès dlo lòt yo te sal
ak pye yo. 20 Se konsa, koulye a, men sa mwen menm,
Seyè sèl Mèt la, mwen voye di nou: Mwen pral jije mouton
gra yo ak mouton mèg yo. 21 Nou pouse mouton ki san
fòs yo sou kote, nou ba yo kou ak dèyè nou, ak pòtray
nou, ak kòn nou jouk nou mete yo deyò, nou fè yo kite
bann lan. 22 Men, m'ap vin sove mouton m' yo, m' p'ap
kite nou fè piyay sou do yo ankò. Se mwen menm k'ap jij
nan mitan nou. 23 M'ap ba yo yon wa k'ap tankou David,
sèvitè m' lan. Se li menm ki pral okipe yo, k'ap mennen yo
manje. Se li menm k'ap gadò yo. 24 Se mwen menm,
Seyè a, k'ap Bondye yo. Se yon wa, tankou David sèvitè
m' lan, ki va sèl chèf nan mitan yo. Se mwen menm, Seyè
a, ki di sa. 25 M'ap pase ak yo yon kontra k'ap garanti yo
kè poze, m'ap fè tout bèt nan bwa disparèt nan peyi a.
Konsa mouton m' yo va rete san pwoblèm nan savann yo,
y'a dòmi nan rakbwa yo. 26 M'ap fè yo rete tout bò ti mòn
ki apa pou mwen an. M'ap beni yo, m'ap ba yo bèl lapli
lè pou lapli tonbe. 27 Pyebwa nan jaden yo va donnen,
jaden yo va bay bèl rekòt, tout moun pral viv ak kè poze
nan peyi yo a. Lè m'a wete chenn lan nan kou yo, lè m'a
delivre yo anba men moun ki te fè yo tounen esklav, lè
sa a y'a konnen se mwen menm ki Seyè a. 28 Moun lòt
nasyon p'ap piye yo ankò. Bèt nan bwa p'ap devore yo
ankò nan peyi a. Yo pral rete lakay yo san danje. Pesonn
p'ap vin chache yo kont. 29 M'ap ba yo bon venn tè nan
jaden yo. Moun p'ap mouri grangou nan peyi a ankò. Lòt
nasyon yo p'ap pase yo nan betiz ankò. 30 Tout moun va
konnen se mwen menm Seyè a, Bondye yo a, ki kanpe la
avèk yo. Yo menm, moun fanmi Izrayèl yo, se pèp pa m'
lan menm yo ye. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki
di sa. 31 Nou menm, moun, se mouton mwen nou ye,
bann mouton m'ap okipe yo. Mwen menm, se Bondye nou
mwen ye. Se Seyè sèl Mèt la ki di sa.

35 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: 2 -Nonm o!
Vire tèt ou gade nan direksyon mòn Seyi, bay moun
Edon yo mesaj mwen ba ou pou yo a. 3 W'a di yo men
sa Seyè sèl Mèt la voye di nou: Nou menm moun peyi
Seyi, m'ap leve dèyè nou tou! Mwen pral lonje men m'
sou nou pou m' pini nou. M'ap fè peyi a tounen yon dezè
san pesonn ladan l'. 4 M'ap fè tout lavil nou yo tounen
mazi. M'ap fè peyi a rete san pesonn ladan l'. Lè sa a,
n'a konnen se mwen menm ki Seyè a. 5 Nou pa janm
sispann rayi moun Izrayèl yo. Lè malè lagè tonbe sou
yo, lè yo t'ap resevwa dènye chatiman pou peche yo a,
nou lage yo nan men lènmi yo. 6 Se poutèt sa, jan nou

konnen mwen vivan vre a, se mwen menm, Seyè a, k'ap
pale: m'ap fè nou benyen nan dlo kò nou, nou p'ap ka
chape. Wi, nou te mete san yo deyò, san an gen pou
pousib nou. 7 M'ap fè mòn Seyi yo, peyi Edon an, tounen
yon dezè kote moun pa rete. M'ap touye dènye moun k'ap
ale vini nan peyi nou an. 8 Mwen pral kouvri mòn nou yo
ak kadav. Ti mòn nou yo, fon nou yo ak ravin nou yo pral
kouvri ak kadav moun yo touye nan lagè. 9 M'ap fè peyi
nou an tounen dezè pou toutan. p'ap gen yon moun nan
lavil nou yo. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm ki Seyè
a. 10 Nou te di konsa ni nasyon Izrayèl la, ni nasyon Jida
a ansanm ak tout peyi yo a, se pou nou yo ye, nou pral
pran yo pou nou, malgre se mwen menm ki te Bondye yo
a. 11 Enben! Jan nou konnen mwen vivan vre a, se mwen
menm, Seyè a, k'ap pale: Jan nou te move sou yo! Jan
nou te rayi sò yo! Jan nou pa t' vle wè yo! M'ap fè nou
peye pou tou sa. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm
k'ap pini nou pou tou sa nou te fè yo. 12 Wi, n'a konnen
se mwen menm ki Seyè a, mwen te tande jan nou t'ap
pase mòn peyi Izrayèl yo nan betiz, lè n'ap plede di: Yo
tounen yon dezè, yo ban nou yo pou n' ka devore yo. 13
Mwen te tande ak zòrèy mwen jan nou te derespekte m',
jan nou pa t' manke pale m' mal. 14 Men sa Seyè sèl
Mèt la di ankò: -Tout moun sou latè pral kontan lè m'a fè
peyi nou an tounen yon dezè 15 menm jan nou te kontan
wè peyi moun Izrayèl yo, peyi moun ki rele m' pa m' yo,
tounen yon dezè. Tout mòn Seyi yo, wi, tout peyi Edon
an, pral tounen dezè. Lè sa a, tout moun va konnen se
mwen menm ki Seyè a.

36 Seyè a di ankò: -Koulye a, nonm o! Men mesaj pou
ou bay mòn Izrayèl yo, koute sa Seyè a voye di
nou. 2 Wi, men mesaj mwen menm, Seyè sèl Mèt la, voye
ban nou: Lènmi moun Izrayèl yo ap pase nou nan betiz,
y'ap di: Tout ansyen mòn sa yo pou nou koulye a! 3 Se
poutèt sa, bay mesaj sa a. Fè yo konnen sa mwen menm,
Seyè sèl Mèt la, voye di yo: Lè nasyon ki sou fwontyè nou
yo te anvayi peyi Izrayèl la pou yo te piye l', pou yo pran l'
pou yo, tout moun t'ap pale sou nou, yo t'ap pase nou nan
betiz. 4 Enben, koulye a, mòn peyi Izrayèl yo, koute sa
Seyè sèl Mèt la voye di nou. Men mesaj Seyè a bay pou
tout mòn ak tout ti mòn, pou tout ravin ak tout fon nan
peyi a, pou tout kay kraze moun yo kouri kite ak pou tout
lavil yo ki tounen mazi. Moun lòt nasyon ki sou fwontyè
nou yo te piye nou, yo te pase nou nan betiz. 5 Men sa
mwen menm, Seyè sèl Mèt la, di ankò: M'ap move anpil,
m'ap denonse lòt nasyon ki sou fwontyè nou yo. M'ap
denonse tout moun nan peyi Edon an tou. Lè yo t'ap pran
peyi mwen an pou yo te piye l' nèt ale a, yo pa t' manke
kontan, yo pa t' manke pase nou nan rizib. 6 Se poutèt sa,
men mesaj pou ou bay peyi Izrayèl la. Pale ak tout mòn
yo, tout ti mòn yo, tout ravin yo ak tout fon yo. Di yo: Men
sa Seyè a voye di: Koulye a mwen move, mwen fache,
m'ap pale! Wi, nou te soufri lè lòt nasyon yo t'ap joure
nou. 7 enben wi, men sa mwen menm, Seyè sèl Mèt la,
di: Mwen leve men m' pou m' fè sèman lòt nasyon ki sou
fwontyè nou yo pral peye pou jan yo te pase nou nan betiz
la. 8 Men, sou tout mòn peyi Izrayèl yo, pyebwa yo pral fè
fèy ankò, y'ap donnen pou nou menm, pèp mwen an, pèp
Izrayèl la. Paske nou pa lwen tounen nan peyi nou. 9
Paske mwen kanpe la avèk nou. Mwen pral swen nou. Tè
jaden nou yo pral raboure, yo pral plante. 10 Mwen pral fè
tout moun fanmi pèp Izrayèl yo peple, yo pral vin anpil.
Tout lavil yo pral plen moun. Yo pral rebati tout kay ki te
kraze yo. 11 Mwen pral fè ni moun ni bèt peple nan peyi
a. Yo pral vin anpil, y'ap fè anpil pitit, m'ap fè nou rete
kote nou te konn rete anvan an. M'ap fè nou viv pi byen
pase jan nou te konn viv la. Lè sa a, n'a konnen se mwen
menm ki Seyè a. 12 M'ap mennen nou tounen, nou menm
moun pèp Izrayèl yo, pou nou ka viv nan peyi nou an.
Nou pral pran peyi a pou nou. Peyi a pral rele nou pa nou.
Li p'ap janm kite pitit li yo mouri ankò. 13 Men sa Seyè sèl
Mèt la di ankò: -Yo te mache di: Peyi a ap manje moun li
yo. L'ap touye tout pitit moun ki rete ladan l' yo. Se te vre.
14 Men, depi jòdi a, peyi a p'ap manje moun li yo ankò, li
p'ap touye pitit moun ki rete ladan l' yo. Se mwen menm,
Seyè sèl Mèt la, ki di sa. 15 M'ap fè lòt nasyon yo sispann
pase nou nan betiz. Nou p'ap tande jouman yo nan zòrèy
nou ankò. Yo p'ap lonje dwèt sou nou ankò pou fè nou
wont. Peyi a p'ap touye pitit li yo ankò. Se mwen menm,
Seyè sèl Mèt la, ki di sa. 16 Seyè a pale avè m' ankò, li di
m' konsa: 17 -Nonm o! Lè moun pèp Izrayèl yo te rete
nan peyi yo a, yo mennen bak yo yon jan ki mete peyi a
nan kondisyon li pa ka fè sèvis Bondye ankò. Lavi yo t'ap
mennen an te mete yo nan kondisyon yo pa t' ka fè sèvis
pou mwen. Nan je mwen yo pa t' pi bon pase yon fi ki gen
lalin li. 18 Se poutèt sa mwen fè yo santi jan mwen ka
move sou yo, paske yo te fè anpil san koule nan peyi a,
yo te mete zidòl toupatou. Konsa yo te mete peyi a nan
kondisyon pou l' pa t' ka fè sèvis pou mwen ankò. 19
Mwen gaye yo nan mitan lòt nasyon yo. Mwen simaye
yo nan tout peyi etranje yo. Mwen pini yo pou jan yo te
mennen bak yo mal ak pou tou sa yo te fè. 20 Nan tout
peyi kote yo rive, yo lakòz moun derespekte non mwen ki
yon non apa. Yo fè moun ap di sou yo: Men pèp Seyè a
wi! Yo blije soti kite peyi li te ba yo a! 21 Sa te ban m' tèt
chaje pou m' te wè jan moun pèp Izrayèl yo te lakòz moun
t'ap derespekte non m' nan tout peyi kote yo pase. 22
Se poutèt sa, w'a di moun pèp Izrayèl yo: Men mesaj
Seyè sèl Mèt la voye ba yo: Sa m' pral fè a, se pa pou tèt
nou m'ap fè l', tande. Se poutèt non mwen ki yon non
apa, non nou te trennen nan labou nan tout peyi kote nou
pase yo. 23 Menm jan nou te trennen non m' nan labou
nan mitan lòt nasyon yo, konsa m' pral sèvi ak nou pou
fè lòt nasyon yo wè jan m' gen pouvwa, jan m' se yon
Bondye ki apa. Lè sa a, nasyon yo va konnen se mwen
menm ki Seyè a. 24 M'ap wete nou nan mitan nasyon yo,
m'ap sanble nou soti nan tout peyi yo, m'ap mennen nou
tounen nan peyi pa nou an. 25 M'ap benyen nou nan bon
dlo klè pou nou ka vin nan kondisyon pou fè sèvis pou
mwen. M'ap mete nou nan kondisyon pou sèvi m', m'ap

wete tout vye bagay derespektan nou t'ap fè yo ak tout
zidòl nou yo. 26 M'ap mete lòt santiman nan kè nou. M'ap
mete lòt lide nan tèt nou. M'ap wete tèt di nou an, m'ap fè
nou tande lè m' pale nou. 27 M'ap mete Lespri m' nan
nou, konsa m'ap fè nou mache dwat dapre lòd mwen ban
nou, pou nou fè tou sa mwen mande nou fè. N'a kenbe
prensip mwen yo. 28 Lè sa a, n'a rete nan peyi mwen te
bay zansèt nou yo. Se nou menm ki pral pèp ki rele m' pa
mwen. Mwen menm se Bondye nou m'ap ye. 29 M'ap
delivre nou anba tout vye bagay mal nou t'ap fè yo. M'ap
bay ble yo lòd pou yo donnen anpil. Konsa mwen p'ap
janm voye grangou sou nou ankò. 30 M'ap fè pye fwi nou
yo ak jaden nou yo donnen an kantite. Konsa, nou p'ap
nan grangou, nou p'ap wont ankò devan lòt nasyon yo. 31
Lè sa a, n'a chonje jan nou te mennen bak nou mal, jan
nou te fè sa ki pa t' bon menm. Nou pral gen degoutans
pou tèt nou paske nou te fè mechanste ak anpil bagay lèd
devan Bondye. 32 Nou menm, moun Izrayèl yo, men sa
Seyè sèl Mèt la di nou: Mwen vle fè nou konnen se pa
poutèt nou m'ap fè sa m'ap fè a. Non! Okontrè, se wont
pou nou ta wont, se bese pou nou ta bese je nou pou sa
nou te fè. 33 Men sa Seyè sèl Mèt la di: Jou m'a mete
nou nan kondisyon pou sèvi m' lan, lè m'a wete nou anba
tout peche nou yo, m'a kite nou al rete nan lavil nou yo,
m'a kite nou rebati kay kraze nou yo. 34 Tout moun k'ap
pase bò jaden nou yo te wè jan yo te ravaje, jan yo te
tounen dezè. Men, mwen pral fè nou travay jaden nou yo
ankò. 35 Konsa tout moun va di: Gade peyi ki te ravaje
a non! Koulye a, li tounen yon bèl jaden tankou jaden
Edenn lan. Gade jan lavil ki te fin kraze, piye, demoli yo
tounen bèl lavil ak gwo ranpa plen moun non! 36 Lè sa a,
rès moun lòt nasyon sou fwontyè nou yo ki chape anba
lanmò va konnen se mwen menm, Seyè a, ki rebati tout
lavil ki te kraze yo, se mwen menm ki replante jaden ki te
ravaje yo. Se mwen menm, Seyè a, ki pale. Sa mwen di
m'ap fè a, m'ap fè l'! 37 Seyè sèl Mèt la pale, li di: M'ap
kite moun pèp Izrayèl yo vin mande m' sekou. M'ap kite
yo peple tankou yon bann mouton. 38 Lavil ki te fin kraze
yo pral plen moun tankou lavil Jerizalèm plen mouton yo
mennen pou touye pou Bondye lè jou fèt yo. Lè sa a, tout
moun va konnen se mwen menm ki Seyè a.

37 Mwen santi pouvwa Seyè a sou mwen ankò. Lespri
Bondye a pran m', li mennen m' nan yon fon ki te
plen zosman. 2 Li fè m' pwonmennen nan tout fon an, nan
mitan zosman yo. Mwen wè te gen anpil anpil zosman
atè nan fon an. Zosman yo te fin chèch nèt. 3 Li di m'
konsa: -Nonm o! Eske zosman sa yo ka tounen vivan
ankò? Mwen reponn: -Seyè sèl Mèt la, se ou ki konnen! 4
Lè sa a, li di m' konsa: -Bay mesaj sa a pou zosman yo.
W'a di zosman ki fin chèch yo pou yo koute pawòl Seyè a.
5 Wi, men sa Seyè sèl Mèt la voye di yo: Mwen pral fè
yon van soufle sou nou pou nou ka tounen vivan ankò. 6
M'ap mete venn sou nou, m'ap fè vyann pouse sou nou,
m'ap kouvri nou ak po. M'ap mete souf nan nou, m'ap
fè nou viv ankò. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm ki
Seyè a. 7 Mwen bay mesaj Bondye a jan li te ban m'
lòd la. Antan m'ap pale konsa, mwen tande yon gwo bri,
zosman yo pran deplase jouk yo jwenn plas yo yonn bò
kote lòt. 8 Mwen gade, mwen wè zosman yo te gen venn
sou yo. Vyann t'ap pouse sou yo. Lèfini po kouvri yo tout.
Men pa t' gen souf nan yo. 9 Bondye di m' konsa: -Nonm
o! Bay mesaj Bondye a, pale ak van an. W'a di li men
mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba li: Vini non! Soti nan kat
bòn direksyon yo. Soufle sou tout mò sa yo, fè yo tounen
vivan ankò. 10 Se konsa, mwen bay mesaj la, jan li te
ban m' lòd la. Souf la antre nan kadav yo, yo vin vivan
ankò, yo kanpe sou de pye yo. Te gen anpil anpil moun,
kont pou fè yon gwo lame. 11 Bondye di mwen: -Nonm
o! Moun pèp Izrayèl yo tankou zosman sa yo. Y'ap di:
Nou fin deperi, nou pa gen espwa ankò. Nou fini nèt. 12
Se poutèt sa, ba yo mesaj sa a. Di yo konsa: Men sa
mwen menm Seyè sèl Mèt la voye di yo: Mwen pral louvri
tonm yo. Mwen pral fè yo soti ladan yo, m'ap mennen yo
tounen nan peyi Izrayèl la. 13 Wi, m'a louvri tonm kote
pèp mwen an te antere a, m'a fè yo soti nan tonm yo. Lè
sa a, y'a konnen se mwen menm ki Seyè a. 14 M'ap mete
souf mwen nan yo, m'ap fè yo tounen vivan ankò. M'ap fè
yo tounen nan peyi pa yo a. Lè sa a, y'a konnen se mwen
menm Seyè a ki pale. Sa m' te di m'ap fè a, m'ap fè l' vre.
Se Seyè a menm ki di sa. 15 Seyè a pale avè m' ankò, li
di m' konsa: 16 -Nonm o! Pran yon moso bwa. Ekri sou li:
Jida ak moun pèp Izrayèl k'ap mache avè l' yo. Lèfini, pran
yon lòt moso bwa. Ekri sou li: Jozèf osinon Efrayim ak tout
moun pèp Izrayèl k'ap mache avè l' yo. 17 Pran de moso
bwa yo, kole yo bout pou bout, kenbe yo yon jan pou yo
parèt tankou si se yon sèl bout bwa ou gen nan men ou.
18 Lè moun pèp ou yo va mande ou: Manyè di nou sa
sa vle di. 19 W'a di yo: Men sa Seyè sèl Mèt la voye di
nou: Mwen pral pran bout bwa ki kanpe pou Jozèf osinon
Efrayim ansanm ak branch fanmi Izrayèl k'ap mache ak li
yo, m'ap mete l' ansanm ak bout bwa Jida a. M'ap fè yo fè
yon sèl bout bwa. Epi, m'ap kenbe yo nan men mwen. 20
Kenbe de bout bwa yo nan men ou pou tout pèp la ka wè
yo. 21 Lèfini, w'a di yo: Men sa Seyè sèl Mèt la voye di
yo: Mwen pral mache chache dènye moun pèp mwen an
nan mitan tout nasyon kote yo te ale a. M'ap sanble yo
soti toupatou, m'ap mennen yo tounen nan peyi pa yo a.
22 M'ap fè yo tounen yon sèl pèp nan peyi a ankò, sou
mòn Izrayèl yo. Yo pral gen yon sèl wa pou gouvènen yo.
Yo p'ap fè de peyi ankò. Yo p'ap fè de gouvènman ankò.
23 Yo pa pral avili tèt yo ankò nan fè sèvis pou zidòl, nan
fè bagay derespektan devan Bondye, nan fè sa yo pa t'
gen dwa fè. M'ap delivre yo anba tout zidòl ki te fè yo
vire do ban mwen an, ki te fè yo fè peche a. M'ap mete
yo nan kondisyon pou yo ka sèvi m' ankò. Y'ap tounen
yon pèp ki rele m' pa m'. Mwen menm, m'ap Bondye yo.
24 Yon wa, tankou David, sèvitè m' lan, va chèf yo. Yo
tout pral fè yonn anba yon sèl gadò. Y'a mache dapre
lòd mwen ba yo, y'a fè tou sa mwen mande yo fè, y'a
kenbe prensip mwen yo. 25 Y'ap rete nan peyi mwen te

bay Jakòb, sèvitè m' lan, peyi kote zansèt yo te viv la. Yo
pral viv la pou tout tan, yo menm, pitit yo ak pitit pitit yo
pou tout tan. Se yon wa, tankou David, sèvitè m' lan, ki
pral gouvènen yo pou tout tan gen tan. 26 M'ap pase yon
kontra ak yo k'ap garanti yo lavi ak kè poze pou tout tan.
M'ap mete yo kanpe ankò, m'ap fè yo peple. M'ap fè kay
ki apa pou mwen an toujou rete la nan mitan yo. 27 Se la
m'ap viv avèk yo. Se mwen menm k'ap Bondye yo. Yo
menm, se pèp ki rele m' pa m' lan y'ap ye. 28 Wi, m'a fè
kay ki apa pou mwen an toujou rete la nan mitan yo. Lè
sa a, lòt nasyon yo va konnen se mwen menm, Seyè a, ki
te chwazi pèp Izrayèl la pou l' te ka viv apa pou mwen.

38 Seyè a pale avè m' ankò. li di m' konsa: 2 -Nonm
o! Vire tèt ou gade sa Gòg ap fè a. Se li ki pi gwo
chèf moun Mechèk ak moun Toubal yo nan peyi Magòg.
Bay mesaj mwen ba ou sou li a. 3 W'a di Gòg, pi gwo
chèf moun Mechèk ak moun Toubal yo, men mesaj mwen
menm, Seyè sèl Mèt la voye di li: Koulye a ou menm
Gòg, m'ap leve dèyè ou. 4 M'ap fè ou kase tèt tounen,
m'ap mete bayonn nan machwè ou. M'ap trennen ou, ou
menm ansanm ak tout lame sòlda ou yo, chwal ou yo ak
kavalye ou yo, ak bèl inifòm yo sou yo. Yon gwo lame
w'ap genyen lè sa a, chak sòlda ak nepe yo nan yon men
ak yon gwo osinon yon ti plak fè pwotèj nan lòt men an. 5
Moun peyi Pès, moun peyi Letiopi ak moun peyi Pout ap
mache avè ou. Yo tout gen gwo plak fè pwotèj sou ponyèt
yo ak kas fè sou tèt yo. 6 Tout sòlda peyi Gome yo, tout
moun lavil Bèt-Togama ki nan nò nèt la, yo kanpe avè
ou tou, ansanm ak kantite moun anpil lòt nasyon. 7 Di l'
konsa: Li mèt pare, li mèt pare tout sòlda l' yo ki sanble bò
kote l' pou yo tann lòd mwen yo. 8 Apre kèk tan m'ap ba li
lòd pou l' al anvayi yon peyi kote moun ki te rive chape
nan lagè yo te tounen soti nan peyi kote yo te depòte yo.
Wi, li pral anvayi mòn peyi Izrayèl yo ki te rete pandan
lontan tankou yon dezè. Men, moun peyi Izrayèl yo soti
nan mitan moun lòt nasyon yo. Koulye a y'ap viv lakay yo
ak kè poze, san ankenn danje. 9 L'a moute vin atake yo
ansanm ak tout lame li ak tout kantite moun lòt nasyon ki
avè l' yo. L'ap tankou yon van tanpèt. L'ap kouvri tout
peyi a tankou yon gwo nwaj. 10 Men sa Seyè sèl Mèt
la voye di Gòg: Lè jou sa a va rive, lespri ou pral pran
travay, ou pral fè move lide nan tèt ou. 11 Ou pral deside
pou ou anvayi yon peyi san defans, kote moun ap viv ak
kè poze, san bri san kont, kote moun rete nan lavil san
miray ranpa, san pòtay ni ba fè. 12 Ou pral piye, ou pral
devalize, ou pral pran tou sa moun yo genyen nan lavil ki
te fin kraze yon lè a. Moun sa yo tounen soti nan peyi
kote yo te depòte yo. Koulye a, yo gen anpil bèt ak anpil
byen, y'ap viv nan gran kalfou latè a. 13 Moun peyi Cheba
ak moun peyi Dedan ansanm ak kòmèsan ki soti nan peyi
Tasis yo ak lòt peyi nan vwazinaj yo pral mande ou: Eske
se pou ou pran tou sa moun yo genyen kifè ou vin atake
yo la a? Eske se pou piye ou sanble tout lame sa a? Eske
ou soti pou devalize tou sa yo genyen ki fèt an lò ak an
ajan, pou ou pran bèt yo ak byen yo, lèfini pou ou bwote
tou sa ou pran al lakay ou? 14 Se poutèt sa, nonm o, bay
mesaj mwen an! Ale di Gòg konsa men sa mwen menm
Seyè sèl Mèt la voye di li: Koulye a pèp Izrayèl la, pèp
mwen an, ap viv ak kè poze san ankenn danje, se lè sa a
wava bay kò ou mouvman. 15 W'ap kite kote ou ye a, nan
pwent nò a, w'ap vini ak yon gwo lame sòlda ou ranmase
nan mitan anpil nasyon, yo tout moute sou chwal yo. 16
Ou pral tonbe sou pèp Izrayèl mwen an tankou yon van
tanpèt k'ap pase sou tout peyi a. Lè lè a va rive, m'ap
voye ou anvayi peyi mwen an pou m' ka fè lòt nasyon yo
konnen ki moun mwen ye, pou yo rekonèt se yon Bondye
apa mwen ye lè y'a wè travay ou menm Gòg, ou pral fè
pou mwen an. 17 Se sou ou mwen t'ap pale nan tan
lontan lè mwen te sèvi ak pwofèt pèp Izrayèl yo, sèvitè m'
yo, pou m' te fè yo konnen mwen gen pou m' te voye yon
moun vin atake yo lè jou a va vini. Se Seyè sèl Mèt la ki
di sa. 18 Seyè sèl Mèt la pale, li di konsa: -Jou Gòg pral
anvayi peyi Izrayèl la, kòlè m' ap moute m'. 19 M'ap fè
gwo kòlè, m'ap move. Mwen sèmante jou sa a, pral gen
yon sèl tranblemanntè nan peyi Izrayèl la. 20 Pwenson
nan lanmè, zwezo nan syèl, bèt nan bwa, bèt k'ap trennen
sou vant, tout moun ki rete sou latè pral tranble paske
y'ap pè m'. Mòn yo pral anfale, falèz yo pral vide desann.
Tout miray yo pral tonbe atè. 21 Mwen pral voye tout
kalite malè sou Gòg pou fè li pè. Se mwen menm Seyè a
ki pale. Sòlda li yo, yonn pral touye lòt ak nepe yo. 22
M'ap pini l', m'ap voye maladi sou li, m'ap mete san l'
deyò. Mwen pral voye gwo lapli avèk lagrèl, dife ak souf
sou li, sou lame li a ak sou tout nasyon ki kanpe avè l' yo.
23 Se konsa m'ap fè tout nasyon yo konnen jan mwen gen
pouvwa, jan mwen se yon Bondye apa. Lè sa a, m'a fè
tout nasyon yo konnen se mwen menm ki Seyè a.

39 Seyè sèl Mèt la di ankò: -Nonm o! Bay mesaj mwen
ba ou sou Gòg la. Wi, di li men mesaj mwen menm,
Seyè sèl Mèt la, m' voye ba li: Ou menm Gòg, pi gwo
chèf moun Mechèk ak moun Toubal yo, m' pral leve dèyè
ou tou. 2 M'ap fè ou pran yon lòt direksyon, m'ap fè ou
soti nan pwent nò a, m'ap mennen ou sou mòn Izrayèl
yo. 3 Lè sa a, m'ap kraze bwa banza ki nan men gòch
ou a. M'ap fè flèch yo soti tonbe nan men dwat ou. 4
Ou menm Gòg, ansanm ak tout lame ou la ak tout lòt
pèp k'ap mache avè ou yo, nou pral mouri sou mòn peyi
Izrayèl la. M'ap kite kadav nou sèvi manje pou malfini
karanklou, pou tout kalite zwezo ak bèt nan bwa. 5 Nou
pral mouri nan plenn yo. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt
la, ki pale. 6 M'ap voye yon sèl dife nan peyi Magòg ak
nan tout peyi bò lanmè kote moun t'ap viv san bri san
kont lan. Tout moun va konnen se mwen menm ki Seyè
a. 7 Mwen pral fè tout moun nan pèp Izrayèl la konnen
mwen gen yon non apa. Mwen p'ap kite yo trennen non
mwen nan labou ankò. Lè sa a nasyon yo va konnen
mwen menm, Seyè a, ki Bondye pèp Izrayèl la, se yon
Bondye apa mwen ye. 8 Seyè sèl Mèt la di ankò: -Wè pa
wè, jou mwen t'ap pale a gen pou rive. Sa se sèten. 9
Lè sa a, moun ki rete nan lavil peyi Izrayèl yo pral soti,

yo pral ranmase dènye zam moun yo te kite, y'ap boule
yo. Y'ap limen gwo boukan ak plak pwotèj yo, gwo kou
piti, ak banza ak tout flèch yo, ak frenn yo, ak baton yo.
Boukan an ap pran sètan pou l' boule. 10 Yo p'ap bezwen
al chache bwa nan jaden pou fè dife, ni yo p'ap bezwen al
koupe pyebwa nan rak, paske yo pral gen tout zam sa yo
pou yo boule fè dife. Yo pral piye moun ki t'ap piye yo. Yo
pral devalize moun ki t'ap devalize yo. Se Seyè sèl Mèt la
ki di sa. 11 Seyè di ankò: -Lè sa a, m'a bay Gòg yon kote
nan peyi Izrayèl la pou yo antere l'. Se va Fon Vwayajè
yo, sou bò solèy leve lòt bò lanmè Mouri a. Se la yo pral
antere Gòg ansanm ak tout lame li a. Y'a rele l' Fon lame
Gòg la. 12 Moun Izrayèl yo pral pran sèt mwa pou yo
antere tout kadav yo, anvan pou peyi a nan kondisyon
pou fè sèvis pou Bondye ankò. 13 Tout moun nan peyi a
pral mete men pou antere yo. Konsa tou, jou y'ap fè lwanj
pou mwen an, y'a nonmen non yo tou. Se mwen menm,
Seyè a, ki di sa. 14 Apre sèt mwa sa yo, y'a chwazi gason
pou vwayaje nan tout peyi a al chache kadav ki rete atè
a pou yo antere yo. Se travay sa a ase y'a gen pou yo
fè. Konsa, y'a mete peyi a nan kondisyon pou fè sèvis
Bondye ankò. 15 Nan vwayaj y'ap fè nan tout peyi a, chak
fwa y'a jwenn yon zosman moun, y'a mete yon mak bò
kote l' pou kwòkmò yo ka vin pran l' pou y' al antere l' nan
Fon lame Gòg la. 16 Va gen yon lavil toupre, y'a rele l':
Amona Fon lame a. Se konsa peyi a va nan kondisyon
pou fè sèvis pou mwen ankò. 17 Seyè sèl Mèt la di ankò:
-Nonm o! Rele tout kalite zwezo ak tout kalite bèt nan
bwa. Fè yo soti toupatou nan vwazinaj la pou yo sanble
vin manje bèt mwen pare pou m' touye pou yo a. Pral
gen yon gwo fèt sou mòn Izrayèl yo, kote yo pral manje
vyann, kote yo pral bwè san. 18 Y'a manje vyann vanyan
sòlda yo, y'a bwè san chèf latè yo. Moun sa yo, yo tankou
belye mouton, ti mouton, bouk kabrit ak towo chatre byen
gra peyi Bazan yo touye pou mwen. 19 Lè m'a fin touye
tout moun sa yo tankou lè y'ap fè ofrann bèt pou mwen,
zwezo yo ak bèt nan bwa yo va manje grès vyann mezi yo
kapab. Y'a bwè san jouk yo sou. 20 Sou tab mwen an, y'a
manje chwal, kavalye, sòlda ak moun k'ap fè lagè mezi yo
kapab. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa. 21 Seyè
a di ankò: -M'ap fè nasyon yo wè gwo pouvwa mwen.
M'ap moutre yo jan mwen konn pini lè m'a pini yo, y'a
santi fòs ponyèt mwen lè y'a tonbe anba men m'. 22 Depi
lè sa a, jouk byen lontan apre sa, moun pèp Izrayèl yo va
konnen se mwen menm Seyè a ki Bondye yo. 23 Tout lòt
nasyon yo va konnen se paske moun pèp Izrayèl yo pa t'
kenbe pawòl yo te gen avè m' lan kifè yo te depòte yo.
Se poutèt sa, mwen te vire do ba yo, mwen te lage yo
nan men lènmi yo pou touye yo nan lagè. 24 Mwen te ba
yo sa yo te merite pou mechanste yo ak tout vye bagay
derespektan yo te fè yo. Mwen vire do ba yo. 25 Apre
sa, Seyè sèl Mèt la di ankò: -Koulye a, mwen pral gen
pitye pou pitit pitit Jakòb yo, pou pèp Izrayèl la. M'ap mete
yo kanpe ankò. M'ap defann repitasyon non mwen an ki
yon non apa. 26 Lè y'a vin rete ankò nan peyi yo a san
ankenn danje ni malè, san pesonn pou fè yo pè, y'a bliye
jan moun te konn fè yo wont, jan yo pa t' kenbe pawòl yo
avè m' pou y' al fè sa ki mal. 27 M'ap fè pèp mwen an soti
nan mitan lòt nasyon yo pou yo tounen lakay yo. M'ap
mache ranmase yo nan tout peyi kote lènmi yo ap viv. Lè
m'a fè sa pou yo anpil nasyon va wè se yon Bondye apa
mwen ye. 28 Lè sa a, pèp mwen an va konnen se mwen
menm, Seyè a, ki Bondye yo. Wi, mwen te fè depòte yo
nan mitan lòt nasyon. Koulye a, m'ap ranmase yo, m'ap
mete yo ansanm ankò nan peyi pa yo a, san mwen pa
kite yonn dèyè. 29 Mwen p'ap janm vire do ba yo ankò
paske m'ap voye lespri m' sou pèp Izrayèl la. Se Seyè sèl
Mèt la ki di sa.

40 Nan dizyèm jou premye mwa vennsenkyèm lanne
depi yo te depòte nou an, ki vle di katòzan, jou pou
jou, depi yo te fin kraze lavil Jerizalèm lan, mwen santi
pouvwa Seyè a sou mwen. Li pran m', li mennen m' ale. 2
Nan yon vizyon, mwen wè li mennen m' nan peyi Izrayèl
la. Li mete m' kanpe sou yon mòn byen wo. Mwen wè
devan m' sou bò sid la yon bann kay bati ou ta di yon
lavil. 3 Li fè m' pwoche. Lè sa a, mwen wè yon nonm ki te
klere tankou kwiv. Li te kenbe nan men l' yon kòdon tou
blan ak yon règ pou mezire. Li te kanpe bò yon pòtay. 4
Nonm lan di m' konsa: -Nonm o! Klere je ou gade. Louvri
zòrèy ou gran pou ou koute. Mete tèt ou anplas pou ou
wè tou sa mwen pral moutre ou la a. Se pou sa menm yo
mennen ou isit la. Paske, ou gen pou ou fè moun pèp
Izrayèl yo konnen tou sa ou pral wè. 5 Sa m' te wè a se
te tanp lan. Te gen yon gwo miray ki te fè wonn li nèt.
Nonm lan te gen nan men l' yon règ pou mezire ki te gen
dis pye longè. Li mezire miray la. Miray la te gen dis pye
wotè, dis pye lajè. 6 Apre sa, li ale nan pòtay ki bay sou
solèy leve a. Li moute mach eskalye yo. Lè li rive anwo, li
mezire papòt pòtay la. Li jwenn dis pye fondè. 7 Apre
pòtay la, te gen yon gwo koridò avèk sis chanm pou gad
yo, twa chak bò. Chak chanm yo te kare kare, dis pye
lajè, dis pye longè. Miray ki te separe chanm yo te gen wit
pye lajè. Apre chanm yo, koridò a lonje sou dis pye ankò,
li te mennen nan yon gwo pyès ki te bay sou Tanp lan. 8
Li mezire gwo pyès chanm sa a. 9 Li jwenn li te gen katòz
pye longè. Chanm sa a te nan bout koridò a ki te pi pre
Tanp lan. Miray la te gen kat pye lajè nan bout sa a. 10 Te
gen twa chanm gad chak bò koridò ki bay sou solèy leve
a. Tout chanm yo te menm fòs. Miray ki te separe pyès yo
yo yonn ak lòt te gen menm lajè. 11 Apre sa, nonm lan
mezire longè koridò a anba pòtay la. Li jwenn sèz pye.
Li mezire lajè koridò a, li jwenn vennde pye. 12 Devan
chak chanm gad yo, te gen yon ti mi tou ba ki te gen vin
pous wotè, vin pous lajè. Chanm yo menm te kare kare
anndan, dis pye longè, dis pye lajè. 13 Lèfini, li mezire
distans ant miray dèyè yon chanm ale nan miray dèyè
chanm ki anfas li lòt bò koridò a, li jwenn karannde pye.
Pòt chanm yo te bay fas pou fas. 14 Gwo chanm ki te nan
bout koridò a te louvri sou yon lakou. Li mezire lajè chanm

lan, li jwenn trannkat pye. **15** Li mezire longè koridò a,
depi miray pòtay la sou deyò rive nan bout dènye gwo
chanm lan, li jwenn katrevenkat pye. **16** Te gen fennèt ak
griyaj nan mi ki bay sou deyò chak chanm yo, ak nan mi
ki separe chanm yo. Yo te fè pòtre pye palmis sou fasad
miray separasyon yo ki bay sou koridò a. **17** Nonm lan fè
m' pase nan gwo lakou deyò a. Te gen trant chanm yo te
bati fè wonn lakou a. Do chanm yo te kole ak gwo miray ki
te fèmen lakou a. Tout lakou a te pave nèt depi devan pòt
chanm yo. **18** Gwo lakou a te pi ba pase ti lakou anndan
an. **19** Te gen yon pòtay yon ti jan pi wo ki bay sou lakou
anndan an. Nonm lan mezire depi sou pòtay deyò a rive
nan pòtay anndan an. Li jwenn sanswasantwit pye. **20**
Lèfini, nonm lan al mezire pòtay kote ou pase antre nan
gwo lakou a lè ou soti sou bò nò. Li pran longè l' ak lajè l'.
21 Twa chanm gad yo ki sou chak bò koridò a, miray ki
separe yo a, ak dènye gwo chanm ki bay sou anndan an,
yo tout te gen menm mezi ak sa li te jwenn pou pòtay ki
bay sou solèy leve a. Koridò mitan an te gen katrevenkat
pye longè sou karannde pye lajè. **22** Dènye gwo chanm
lan, fennèt yo, ak pòtre pye palmis te tankou sa li jwenn
pou pòtay bò solèy leve a. Te gen sèt macheskalye ki
moute devan pòtay nò a. Gwo chanm lan te nan bout
koridò a ki bay sou gwo lakou a. **23** Lòt bò gwo lakou a,
devan koridò nò a, te gen yon lòt pòtay ki bay sou ti lakou
anndan an, menm jan ak sou bò solèy leve a. Nonm lan
mezire distans ant de pòtay yo, li jwenn sanswasantwit
pye tou. **24** Apre sa, nonm lan mennen m' sou bò sid
la. La tou, mwen wè yon lòt pòtay pou antre nan gwo
lakou a. Li mezire l', li te tankou lòt pòtay yo. **25** Te gen
fennèt nan chanm gad yo, tankou lòt yo. Koridò pasaj
la te gen katrevenkat pye longè sou karannde pye lajè.
26 Te gen sèt macheskalye ki moute devan pòtay la sou
deyò. Dènye gwo chanm lan te nan bout koridò a ki bay
sou gwo lakou a. Te gen pòtre pye palmis sou fasad miray
ki bay sou koridò a. **27** Sou bò sid la tou, te gen yon
lòt pòtay ki mennen nan ti lakou anndan an. Nonm lan
mezire distans ant de pòtay yo, li jwenn sanswasantwit
pye tou. **28** Nonm lan fè m' pase nan pòtay sid la pou
m' antre nan ti lakou anndan an. Li mezire koridò a, li te
menm fòs ak koridò gwo miray deyò yo. **29** -(we vèsè
pwochen) **30** Chanm gad yo, gwo chanm lan, ak miray li
yo te tankou pou lòt koridò yo. Te gen fennèt nan chanm
ki bay sou koridò yo tou. Longè koridò a te katrevenkat
pye, lajè l' te karannde pye. **31** Men, gwo chanm lan te
nan bout ki bay sou gwo lakou a. Pòtre pye palmis yo te
sou tout fasad miray la sou anndan koridò a. Te gen wit
macheskalye ki moute devan pòtay la. **32** Apre sa, nonm
lan fè m' pase nan pòtay bò solèy leve a pou antre nan ti
lakou anndan an. Li mezire pòtay la, li jwenn li te menm
fòs ak lòt pòtay yo. **33** Chanm gad yo, gwo chanm lan,
miray anndan li yo, yo tout te tankou pou lòt pòtay yo.
Te gen fennèt toutotou koridò a ak nan gwo chanm lan
tou. Li te gen katrevenkat pye longè sou karannde pye
lajè. **34** Gwo chanm lan te bay sou gwo lakou deyò a.
Pòtre pye palmis te sou tout miray la anndan koridò a. Te
gen wit macheskalye ki moute devan pòtay la. **35** Lèfini,
nonm lan mennen m' bò pòtay nò a. Li mezire l', li jwenn li
te menm fòs ak lòt pòtay yo. **36** Tankou tout lòt yo, li te
gen chanm pou gad yo, miray ak pòtre, yon gwo chanm
ak fennèt toupatou. Li te gen katrevenkat pye longè sou
karannde pye lajè. **37** Gwo chanm lan te bay sou gwo
lakou deyò a. Pòtre pye palmis te sou tout miray anndan
koridò a. Te gen wit macheskalye ki moute devan pòtay
la. **38** Nan gwo lakou deyò a te gen yon chanm bò pòtay
nò ki mennen nan ti lakou anndan an. Chanm sa a te
louvri sou gwo chanm lan ki bay sou gwo lakou a. Se la
yo te lave vyann bèt yo te fin touye anvan y' al boule yo
nèt sou lotèl la. **39** Nan gwo chanm sa a, te gen kat tab,
de sou chak bò pyès la. Se sou tab sa yo yo te touye bèt
yo te ofri pou touye pou Bondye, kit pou yo boule l' nèt, kit
pou wete peche yon moun fè, kit pou peye pou sa yon
moun fè ki mal. **40** Sou deyò pyès la tou te gen lòt tab, de
chak bò pòtay Nò a. **41** Antou sa te fè wit tab kote pou yo
touye bèt yo ofri bay Bondye, kat anndan gwo chanm lan,
kat nan gwo lakou deyò a. **42** Kat tab ki nan chanm sou
kote pòtay la, kote yo pare bèt yo ofri pou boule nèt yo, te
fèt an gwo moso wòch taye. Yo te gen vin pous wotè.
Anwo tab yo te kare kare, trant pous chak bò. Tout zouti
ki sèvi pou touye bèt yo ofri bay Bondye kit pou boule
nèt, kit pou lòt sèvis, se sou tab sa yo yo te mete yo.
43 Yo fouye yon ti kannal twa pous lajè kouri sou rebò
anwo tab yo. Se anwo tab sa yo yo mete vyann pou yo
ofri nan sèvis yo. **44** Apre sa, li mennen m' antre nan ti
lakou anndan an. Te gen de lòt chanm ki bay sou ti lakou
anndan an, yonn bò pòtay nò a ak pòt li louvri sou sid, lòt
la bò pòtay sid la ak pòt li louvri sou nò. **45** Nonm lan di
m' konsa: -Ti chanm ki gen pòt li louvri sou sid la, se pou
prèt k'ap sèvi nan tanp lan. **46** Lòt chanm ki gen pòt li
louvri sou nò a, se pou prèt k'ap sèvi sou lotèl la. Tout
prèt yo se moun menm fanmi Zadòk la. Nan tout branch
fanmi Levi a, se yo menm ase ki te gen dwa antre devan
Seyè a pou sèvi l' nan Tanp lan. **47** Nonm lan mezire
ti lakou anndan an. Li te kare kare. Chak bò te mezire
sanswasantwit (168) pye. Kay la menm te moute sou bò
solèy kouche a ak lotèl la devan li. **48** Li fè m' antre nan
premye pyès Tanp lan. Li mezire papòt chanm devan an,
li jwenn li te gen nèf pye pwofondè ak vennkat pye lajè.
Miray bò pòtay la te gen senk pye epesè. **49** Te gen dis
macheskalye pou moute devan pòt premye pyès Tanp
lan. Pyès la te mezire vin pye lajè ak trannkat pye fondè.
Te gen de gwo poto won, yonn chak bò pòt la.

41 Apre sa, nonm lan fè m' antre nan tanp lan, nan
gwo pyès mitan tanp lan, kote ki apa pou Bondye a.
Li mezire koridò kote pou antre ladan l' lan. Li jwenn li te
gen dis pye longè, **2** dizwit pye lajè. Miray ki chak bò
yo te gen wit pye epesè. Li mezire chanm lan anndan
anndan, li jwenn swasantwit pye longè ak trannkat pye
lajè. **3** Apre sa, li antre nan dènye pyès dèyè nèt la, li
mezire papòt ki bay sou li a. Li te gen twa pye pwofondè,

dis pye lajè. Miray chak bò yo te gen douz pye epesè. **4** Li mezire chanm lan. Li te kare kare, trannkat pye chak bò. Chanm sa a te dèyè chanm mitan an. Apre sa, li di m': Isit la se kote yo met apa nèt pou Bondye a. **5** Nonm lan mezire epesè miray anndan tanp lan, li jwenn dis pye. Sou kote Tanp lan, nan mitan miray anndan an ak miray deyò a, te gen yon seri ti pyès ki te fè wonn li. Chak pyès te kare kare, sèt pye chak bò. **6** Te gen trant chanm anba. Chak chanm sa yo te gen de lòt anwo yo: trant chanm nan premye etaj la, trant lòt chanm nan dezyèm etaj la. Epesè miray deyò Tanp lan te pi piti nan premye etaj la pase anba. Li te pi piti toujou nan dezyèm etaj la pase nan premye a. Konsa, chanm yo te chita sou miray la san yo pa t' bezwen makònen avè l'. **7** Lè ou rete deyò w'ap gade, ou wè de miray Tanp lan sanble yo te menm epesè depi anba jouk anwo. Apiye sou miray deyò Tanp lan, te gen de eskalye byen laj pou soti nan chanm anba yo pou moute nan premye etaj la jouk li rive nan dezyèm etaj lan. **8** Mwen wè te gen yon teras wit pye lajè ki te fè wonn Tanp lan. Li te menm wotè ak pòtay pyès ki sou kote de miray Tanp lan, ki vle di dis pye pi wo pase fondasyon Tanp lan. **9** Miray deyò pyès sou kote yo te gen wit pye epesè. Se sou teras la yo pase pou antre nan pyès sou kote yo. Ant teras la **10** ak rès batiman an, te gen yon koulwa trannkat pye lajè, ki te fè wonn Tanp lan. **11** Te gen yon pòt ki louvri sou pyès sou kote yo bò nò a ak yon pòt ki louvri sou pyès sou kote yo bò sid la. Miray ki te fèmen koulwa a te gen wit pye epesè sou tout longè l'. **12** Nan fon lakou dèyè Tanp lan, bò solèy kouche, te gen yon gwo kay sansenkant pye lajè, sanswasannsèz pye longè. Miray li yo te nèf pye epesè toutotou. **13** Nonm lan mezire Tanp lan sou deyò. Li te gen sanswasantwit pye longè. Soti depi dèyè Tanp lan, travèse espas vid la, rive nan dènye bout kay ki bò solèy kouche a, li jwenn sanswasantwit pye tou. **14** Li mezire tout fasad devan Tanp lan avèk de espas vid chak bò yo, sa ba li sanswasantwit pye tou. **15** Li mezire longè kay ki bò solèy kouche a, avèk de galeri yo, yonn chak bò. Sa ba li tou sanswasantwit pye. **16** Premye pyès devan an, pyès mitan an ak pyès dèyè a ki apa nèt pou Bondye a te gen gwo moso planch plake sou tout palisad yo, depi planche a rive nan fennèt yo. Fennèt yo te fèmen ak yon griyay. **17** Sou tout miray anndan Tanp lan, depi anba rive depase wotè pòt yo, yo te travay planch yo **18** pou fè pòtre pye palmis ak pòtre zanj cheriben. Pòtre yo te fè wonn chanm lan nèt, yon pye palmis, yon zanj cheriben, yonn dèyè lòt. Pòtre zanj yo te gen de figi, **19** yon figi moun k'ap gade pye palmis ki sou bò sa a, yon figi lyon k'ap gade pye palmis ki sou lòt bò a. Se konsa pòtre yo te ye sou tout miray la nèt. **20** Depi planche a rive depase wotè pòt yo, sou tout miray la, te gen pòtre pye palmis ak pòtre zanj cheriben. **21** Gwo poto ki te devan Tanp lan te kare kare. Devan premye pyès Tanp lan te gen yon bagay ki te sanble **22** yon lotèl an bwa. Li te gen senk pye wotè. Anwo lotèl la te kare kare, kat pye chak bò. Pye lotèl la ki te nan kat kwen yo, pyès anba a ak kat sou kote yo, tout te fèt an bwa. Nonm lan di m' konsa: Se tab sa a ki kanpe devan prezans Seyè a. **23** Te gen yon pòt de batan nan bout koridò antre a ki louvri sou pyès mitan an ak yon lòt pòt pi devan ki louvri sou pyès dèyè nèt la. **24** Chak pòt te gen de batan ki te louvri nan mitan. **25** Yo te travay bwa pòt yo tou. Yo te fè pòtre pye palmis ak pòtre zanj cheriben sou tout pòt yo tankou pou miray yo. Yo te mete yon ti twati an bwa ki soti sou deyò devan pòt premye pyès Tanp lan. **26** Sou miray pyès devan an, te gen fennèt ak griyay. Tout mi yo te dekore ak pòtre pye palmis.

42 Apre sa, nonm lan mennen m' nan gwo lakou deyò a. Li fè m' antre nan yon gwo batisman ki sou bò nò tanp lan, pa twò lwen kay ki sou bò solèy kouche Tanp lan. **2** Batisman sa a te gen sanswasantwit pye longè, katrevenkat pye lajè. **3** Sou yon bò te gen yon galeri trannkat pye lajè ki fè wonn Tanp lan. Sou lòt bò a, te gen pave gwo lakou deyò a. Kay la te yon chanmòt twa etaj, chak etaj te pi dèyè pase etaj anba l' la. **4** Pòt chanm yo te bay sou bò nò, yo te louvri sou yon koridò sèz pye lajè, sanswasantwit pye longè ki pase devan chanm yo. **5** Chanm ki te nan etaj anwo nèt la te pi fèmen pase chanm ki te nan etaj mitan an ak chanm ki te nan etaj anba nèt la, paske yo te bati plis sou dèyè. **6** Nan tout twa etaj yo, pyès ki te anwo nèt la te pi fèmen pase sa ki te nan mitan an ak sa ki te anba nèt la. Yo pa t' gen poto pilye pou sipòte yo tankou lòt kay yo nan lakou a. **7** Miray deyò Tanp lan, sou anba nèt, sou menm nivo ak premye etaj la, te gen katrevenkat pye epesè, ki vle di mwatye lajè gwo kay nò a. **8** Anwo nèt, pyès yo te pran tout lajè kay la. Paske fasad devan kay la te gen sanswasantwit pye. **9** Anba chanm yo, sou bò solèy leve kay la, kote miray la konmanse a, te gen yon pòtay pou antre nan gwo lakou deyò a. **10** Sou bò sid Tanp lan, te gen yon lòt gwo batisman tankou premye a, toupre gwo pyès ki sou bò solèy kouche Tanp lan. **11** Devan chanm yo, te gen yon koridò tankou pou kay ki sou bò nò a. Li te gen menm longè, menm lajè avè l', menm fòm, ak menm pozisyon pou pòt yo ak fennèt yo. **12** Te gen yon pòt nan chanm yo sou bò sid kay la ki louvri sou koridò nan pwent bò solèy leve a, kote miray la konmanse a. **13** Lè sa a, nonm lan di m': -De gwo kay sa yo, yonn sou bò nò, yonn bò sid, se chanm ki mache ak chanm yo met apa pou Seyè a. Se la prèt k'ap sèvi devan lotèl Seyè a manje ofrann yo mete apa pou Seyè a. Chanm sa yo fèt pou rete apa pou Seyè a tou. Se la prèt yo pral met ofrann yo met apa pou Seyè a, ofrann grenn jaden osinon bèt yo ofri bay Seyè a pou mande l' padon pou peche osinon pou peye pou sa yo te fè ki mal, paske kay sa a apa pou Seyè a. **14** Lè prèt yo fin sèvi nan Tanp lan, anvan yo soti nan gwo lakou deyò a, se pou yo ale nan kay sa a pou yo mete rad seremoni yo te gen sou yo pandan sèvis la, paske rad sa yo se rad ki apa pou Seyè a. Se pou yo mete lòt rad sou yo anvan yo soti nan zòn kote pèp la rasanble a. **15** Lè nonm lan fin mezire tout anndan Tanp lan, li soti avè m' nan pòtay bò

solèy leve a, epi li mezire gwo lakou ki fè wonn Tanp lan.
16 Li pran baton pou mezire a, li pran mezi fasad ki bay
sou solèy leve a. Li jwenn witsankarant (840) pye. 17 Apre
sa, li mezire bò ki bay sou nò a, li jwenn witsankarant
(840) pye tou. 18 Apre sa, li mezire bò ki bay sou sid la,
li jwenn witsankarant (840) pye. 19 Lèfini, li mezire bò
ki bay sou solèy kouche a, li jwenn witsankarant (840)
pye tou. 20 Konsa, li jwenn miray ki te fè wonn tanp lan
ansanm ak gwo lakou a te kare kare, witsankarant (840)
pye chak bò. Miray la te sèvi pou separe sa ki te apa pou
Seyè a ak sa yo pa t' mete apa pou Seyè a.

43 Nonm lan mennen m' bò pòtay ki bay sou solèy leve
a. 2 Rive la, mwen wè gwo limyè prezans Bondye
pèp Izrayèl la k'ap soti bò solèy leve a, k'ap vini. Li fè yon
gwo bri tankou bri lanmè ki move. Gwo limyè sa a te klere
toupatou sou latè. 3 Vizyon sa a te parèy ak vizyon mwen
te wè lè Bondye t'ap vini pou kraze lavil Jerizalèm lan, li te
parèy ak vizyon mwen te wè bò larivyè Keba a. Mwen
lage kò m' fas atè. 4 Gwo limyè a pase nan pòtay solèy
leve a, li antre nan Tanp lan. 5 Lespri Seyè a leve m'
anlè, li fè m' antre nan ti lakou anndan an, kote mwen wè
gwo limyè Seyè a te plen tout Tanp lan nèt. 6 Nonm lan
menm te kanpe bò kote m'. Mwen tande Seyè a pale avè
m', antan li anndan tanp lan, li di m' konsa: 7 -Nonm o!
Men fotèy kote m' chita a! Men kote m'ap poze pye m'
yo. Se la mwen pral rete nan mitan moun pèp Izrayèl
yo pou tout tan. Ni pèp Izrayèl la ni wa yo p'ap janm fè
sèvis pou lòt bondye osinon sou tonm wa yo ankò pou yo
derespekte non m'. 8 Wa yo te konn moute poto kay yo
toupre Tanp mwen an, yo te mete papòt yo toupre papòt
Tanp mwen an. Konsa se yon senp ti miray ki te separe
yo avè m'. Men, yo lage kò yo nan fè yon bann vye bagay
derespektan. Yo trennen non m' nan labou. Se poutèt
sa mwen te move sou yo, mwen fini ak yo. 9 Koulye a,
se pou yo sispann fè sèvis pou lòt bondye, se pou yo
wete kadav wa yo devan je m'! Si yo fè sa, m'a rete nan
mitan yo pou tout tan. 10 Seyè a di m' ankò: -Nonm o!
Fè moun pèp Izrayèl yo konnen ki jan Tanp lan pral ye.
Fè yo kalkile plan Tanp lan byen. Fè yo wont tout vye
bagay derespektan yo te konn fè yo. 11 Si yo wont tou sa
yo te konn fè yo, w'a esplike yo plan Tanp lan: jan tout
bagay ranje ladan l', kote pou yo pase antre, kote pou yo
pase soti, fòm l'ap genyen, ansanm ak tout regleman ak
lòd ki bay jan pou yo sèvi ladan l'. Kouche tou sa sou
papye devan je yo pou yo ka wè jan tout bagay ranje,
pou yo ka konfòme yo. Men lòd mwen bay pou Tanp lan:
12 Tout zòn ki bò Tanp lan sou tèt mòn lan, se yon kote
apa nèt pou mwen. Men lòd mwen bay sou Tanp lan. 13
Men dimansyon lotèl la, dapre sistèm mezi nou sèvi pou
mezire Tanp lan. Nan pye lotèl la, yon kannal vin pous
pwofondè, vin pous lajè, ak yon rebò sou deyò dis pous
wotè. 14 Lotèl la ap fèt an twa pòsyon. Premye pòsyon an
chita sou pye a. L'a gen kat pye wotè. Dezyèm pòsyon an
va pi gwo, l'a gen sèt pye wotè sou premye pòsyon an,
men longè l' ak lajè l' ap yon ti jan pi piti pou l' ka kite yon
rebò vin pous chak bò sou tèt premye pòsyon an. Konsa
tou, longè ak lajè dènye pòsyon an va yon ti jan pi piti
pase dezyèm lan pou l' ka kite yon rebò vin pous chak bò
sou tèt dezyèm pòsyon an. 15 Dènye pòsyon sa a va gen
sèt pye wotè tou. Se sou li pou yo boule ofrann yo. Nan
kat kwen yo te gen kat kòn, vin pous wotè. 16 Anwo lotèl
la te kare kare, vin pye chak bò. 17 Pòsyon ki nan mitan
an te kare kare tou, vennkat pye chak bò, ak yon ti rebò
sou deyò, dis pous wotè. Ti kannal la te vin pous lajè.
Macheskalye pou moute devan lotèl la te sou bò solèy
leve. 18 Seyè sèl Mèt la pale avè m', li di m' ankò: -Nonm
o! Koute sa m'ap di, men sa mwen bay lòd pou yo fè: Lè
n'a fin moute lotèl la, n'a mete l' apa pou mwen. N'a boule
vyann bèt n'a ofri pou mwen yo sou li, n'a voye san bèt
nou te touye yo sou tout lotèl la. Se konsa n'a mete lotèl
la apa pou mwen. 19 Nan moun Levi yo se prèt ki soti
nan fanmi Zadòk la ase ki pou parèt devan m' pou sèvi
m'. Men sa mwen menm, Seyè sèl Mèt la, m' mande: N'a
bay prèt sa yo yon jenn towo bèf pou yo ofri ban mwen
pou mande padon pou peche yo. 20 N'a pran ti gout nan
san an, n'a vide l' sou tèt kat kòn yo nan kat kwen lotèl la,
sou kat kwen pòsyon mitan lotèl la ak sou tout rebò a. Se
konsa n'a wete tout peche ki te antre nan fè lotèl la, n'a
mete l' apa nèt pou sèvis mwen. 21 N'a pran towo bèf
yo ofri ban mwen pou mande padon pou peche a, n'a
boule l' yon lòt kote byen lwen andeyò lakou Tanp lan.
22 Nan denmen, n'a pran yon bouk kabrit ki san ankenn
enfimite, n'a ofri l' ban mwen pou mande m' padon pou
peche nou yo. N'a mete lotèl la apa pou sèvis mwen ak
san li, menm jan yo te fè l' lavèy ak san towo a. 23 Lè n'a
fin fè sa, n'a pran nan bann bèt nou yo yon jenn towo ak
yon jenn belye mouton, tou de san ankenn enfimite. 24
N'a mennen yo devan m'. Prèt yo va voye sèl sou yo.
Lèfini, y'a boule yo nèt tankou yon ofrann pou mwen. 25
Chak jou, pandan sèt jou, n'a ofri yon kabrit, yon towo
ak yon belye mouton ban mwen pou mande padon pou
peche nou yo. Se pou tout bèt sa yo san ankenn enfimite.
N'a pran yo nan tout bann bèt nou yo. 26 Pandan sèt jou,
prèt yo va fè seremoni pou mete lotèl la nan kondisyon
pou fè sèvis pou mwen. Se konsa y'a pare l' pou li ka sèvi
nan Tanp lan, y'a mete l' apa pou Bondye. 27 Apre sèt jou
sa yo, prèt yo va konmanse ofri sou lotèl la lòt ofrann
bèt pou yo boule nèt yo ansanm ak ofrann pèp la pou di
Bondye mèsi. Se konsa m'a kontan ak nou. Se mwen
menm Seyè sèl Mèt la ki di sa.

44 Nonm lan mennen m' bò pòtay ki bay sou bò solèy
leve a. Pòtay la te fèmen. 2 Seyè a di m' konsa: -
Pòtay sa a fèt pou toujou ret fèmen. Piga yo janm louvri l'.
Pa janm kite pesonn pase la. Paske se la mwen menm
Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, mwen te pase. Se pou l'
toujou ret fèmen. 3 Tansèlman, wa a gen dwa vin chita la
pou li manje pòsyon pa l' nan manje ofrann lan devan m'.
L'a pase nan pòt ki nan gwo pyès nan bout koridò a pou l'
antre. Se la l'a soti tou. 4 Apre sa, nonm lan fè m' soti nan
pòtay nò a. Rive devan Tanp lan, mwen leve je m' gade,

mwen wè Tanp Seyè a te klere nèt ak gwo limyè prezans
Seyè a. Mwen lage kò m' atè sou fas. 5 Epi Seyè a di m'
konsa: -Nonm o! Pran tèt ou! Louvri je ou gade byen.
Louvri zòrèy ou tande. Mwen pral ba ou lòd ak regleman
pou Tanp mwen an. Gade byen ki moun ki gen dwa antre
soti nan Tanp lan, ki moun ki pa gen dwa mete pye yo
nan Tanp lan. 6 Pale ak bann moun tèt di pèp Izrayèl
yo. Di yo, men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba yo. Mwen
p'ap tolere ankò tout vye bagay derespektan yo t'ap plede
fè yo. 7 Yo derespekte Tanp mwen an, yo kite moun lòt
nasyon ki pa pote mak kontra mwen an nan kò yo, ni
ki pa soti pou fè volonte m', antre nan Tanp lan lè y'ap
ofri grès ak san bèt yo touye pou mwen yo. Se konsa yo
kase kontra mwen te pase ak yo a. Yo fè yon bann vye
bagay derespektan ki pa fè m' plezi. 8 Yo derefize pran
reskonsablite fè sèvis pou mwen nan Tanp lan. Yo mete
moun lòt nasyon pou fè sèvis pou yo nan Tanp lan. 9 Men
sa mwen menm, Seyè sèl Mèt la, mwen di: Ankenn moun
lòt nasyon ki pa pote mak kontra a nan kò yo, ni ki pa soti
pou fè volonte m', pa gen dwa mete pye yo nan Tanp lan,
pa menm lòt nasyon k'ap viv nan mitan pèp Izrayèl la. 10
Seyè a di m' ankò: Lè moun pèp Izrayèl yo te vire do ban
mwen pou y' al sèvi zidòl yo, moun Levi yo te mete tèt yo
ansanm ak pèp la. Se poutèt sa mwen pral pini yo pou
sa yo fè a. 11 Y'ap toujou sèvi m' nan Tanp lan. Se yo
menm ki pral reskonsab veye pòtay Tanp lan, se yo ki pral
fè tout kalite ti travay ki pou fèt nan Tanp lan. Se yo ki
pral touye bèt pèp la va vin ofri pou boule nèt nan dife ak
pou lòt kalite ofrann. Se yo ki pral la pou sèvi pèp la. 12
Tansèlman, paske yo te asepte fè sèvis pou pèp la devan
zidòl yo, paske, lè yo fè sa, yo pòte pèp la tonbe pi rèd
nan fè peche, mwen menm, Seyè sèl Mèt la, mwen fè
sèman, m'ap pini yo pou sa yo fè a. 13 Yo pa gen dwa
pwoche kote m' pou sèvi m' prèt ankò, ni yo pa gen dwa
pwoche bò nenpòt bagay yo mete apa pou mwen, ni antre
nan kote yo mete apa nèt pou mwen an. Men pinisyon
m'ap ba yo pou tout vye bagay derespektan yo te fè a. 14
M'ap ba yo lòt travay pou yo fè nan tanp lan. M'ap mete
yo reskonsab tout kalite travay k'ap fèt nan Tanp lan. 15
Seyè sèl Mèt la di m' ankò: -Prèt ki fè pati branch fanmi
Levi a men ki soti nan fanmi Zadòk la te toujou fè travay
yo byen san melanj nan Tanp lan, lè tout rès pèp Izrayèl
la menm te vire do ban mwen. Se poutèt sa, se yo menm
ase ki ka pwoche vin fè sèvis pou mwen. Se yo menm ki
gen dwa kanpe devan m' pou ofri m' grès ak san bèt yo
touye pou mwen yo. 16 Se yo menm ase ki pou antre nan
Tanp mwen an, ki pou sèvi devan lotèl mwen an, ki pou fè
sèvis pou mwen nan Tanp lan. 17 Lè y'a antre nan pòtay
ti lakou anndan Tanp lan, y'a mete rad fèt ak twal fin blan.
Lè y'ap sèvi nan ti lakou anndan an osinon nan Tanp lan,
yo pa fèt pou yo gen anyen fèt ak lenn sou yo. 18 Konsa,
yo p'ap janm swe. Y'ap mare tèt yo ak gwo mouchwa fèt
ak twal fin blan. Y'ap mete pantalon fèt ak twal fin blan
san sentiwon. 19 Anvan yo soti nan gwo lakou a, kote pèp
la ye a, se pou yo wete rad ki te sou yo lè yo te desèvis
nan tanp lan. Y'a kite yo nan pyès yo mete apa pou sa a.
Y'a mete lòt rad òdinè sou yo pou rad seremoni yo pa fè
malè tonbe sou pèp la. 20 Prèt yo pa gen dwa kale tèt yo,
ni se pa pou yo kite cheve yo vin twò long. Se pou yo
toujou taye cheve yo. 21 Prèt yo pa gen dwa bwè diven
jou pou yo antre nan ti lakou anndan an. 22 Prèt yo pa
gen dwa marye ak yon vèv osinon yon madanm divòse.
Se pou yo marye ak yon jenn fi nan ras moun Izrayèl yo.
Tansèlman, y'a gen dwa marye ak vèv yon prèt parèy yo.
23 Prèt yo va moutre pèp mwen an diferans ki genyen ant
sa yo mete apa pou sèvis mwen ak sa yo pa mete apa
pou sèvis mwen, ant sa ki nan kondisyon pou fè sèvis pou
mwen ak sa ki pa nan kondisyon pou fè sèvis pou mwen.
24 Lè yon moun gen kont ak yon lòt, se prèt yo ki va jije yo
dapre sa ki nan lalwa mwen an. Se yo ki pou òganize tout
fèt mwen yo dapre lòd ak regleman mwen bay. Jou repo
m' yo, yo pa gen dwa fè ankenn travay. 25 Prèt yo pa fèt
pou pwoche bò kadav moun mouri pou sa pa mete yo
nan kondisyon yo pa ka fè sèvis pou mwen. Tansèlman,
yo gen dwa pwoche bò kadav papa yo, manman yo, pitit fi
yo, pitit gason yo, frè yo osinon yon sè yo depi sè a pa
marye. 26 Apre l'a fin fè sèvis pou mete l' nan kondisyon
ankò pou sèvi m', se pou l' tann sèt jou. 27 Apre sa, jou
l'a gen pou l' pran sèvis nan Tanp lan, l'a antre nan ti
lakou anndan an, l'a fè ofrann pou mande Bondye padon
pou peche l' yo. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di
sa. 28 Prèt yo pa gen ankenn pòsyon tè ki rele yo pa
yo. Se mwen menm ki tout yo. Yo p'ap gen anyen nan
peyi mwen bay pèp Izrayèl la k'ap rele yo pa yo. Se sèvis
y'ap fè pou mwen an ki tout yo. 29 Se yo ki va manje
ofrann grenn jaden yo ak vyann bèt yo touye pou mande
Bondye padon, ak vyann bèt yo touye pou repare sa pèp
la fè ki mal. Tou sa y'a mete apa pou mwen, se pou yo la
ye. 30 Tou sa ki pi bon nan premye rekòt nou yo, tou sa
n'a pran angajman pou ofri ban mwen, ak tout lòt ofrann
n'a fè, se pou prèt yo y'a ye. Chak fwa n'ap kwit pen,
se pou nou bay prèt yo premye pen an tankou ofrann,
konsa benediksyon mwen va chita lakay nou. 31 Prèt yo
pa gen dwa manje ankenn bèt, kit se zwezo, kit se lòt bèt,
ki mouri mò natirèl osinon bèt nan bwa devore.

45 Lè n'a separe peyi a pou nou bay chak branch fanmi
pa yo, se pou nou kite yon pòsyon n'a mete apa nèt
pou Seyè a. Pòsyon tè sa a va gen douz kilomèt edmi
longè sou dis kilomèt lajè. Tout zòn lan va rete apa nèt
pou Seyè a. 2 Sou pòsyon tè sa a va gen yon anplasman
kare kare pou Tanp lan. L'a gen witsankarant (840) pye
chak bò, ak yon espas katrevenkat pye lajè k'ap rete vid
san anyen sou li toutotou anplasman an. 3 N'a separe
pòsyon tè Seyè a an de moso menm gwosè, chak moso
va gen douz kilomèt edmi longè sou senk kilomèt lajè. Se
nan premye mwatye a n'a chwazi anplasman pou bati
Tanp lan, kay yo mete apa nèt pou Seyè a. 4 Se pòsyon
sa a n'a kite apa nèt pou Seyè a. Se li ki va pou prèt yo
k'ap sèvi kote ki apa pou Bondye a epi k'ap fè sèvis pou

Seyè a nan Tanp lan. Se sou li y'a bati kay yo. Se la y'a
chwazi anplasman pou Tanp lan. 5 Lòt mwatye a ki gen
douz kilomèt edmi longè sou senk kilomèt lajè tou va rete
pou moun Levi yo k'ap travay nan Tanp lan. Se la y'a bati
kay pou yo rete. 6 Tou kole ak pòsyon tè Bondye a, n'a
wete yon lòt pòsyon ki va gen douz kilomèt edmi longè, de
kilomèt edmi lajè. Se la n'a bay pou bati kay kote nenpòt
moun nan pèp Izrayèl la ka rete. 7 Y'a wete yon pòsyon
tè pou wa a tou. L'ap an de moso, yonn sou bò solèy
kouche adwat pòsyon tè Seyè a ak pòsyon pou lavil la,
ale nan direksyon lanmè ki sèvi fwontyè sou bò solèy
kouche a, yon lòt sou bò solèy leve agoch pòsyon tè Seyè
a ak pòsyon pou lavil la, ale nan direksyon fwontyè ki sou
bò solèy leve a. Antou, l'ap menm gwosè ak pòsyon tè yo
bay chak branch fanmi pèp Izrayèl la. 8 Se pòsyon tè sa
a y'a bay wa a nan peyi Izrayèl la pou rele l' pa l'. Konsa,
li p'ap bezwen peze pèp mwen an ankò. L'a kite rès peyi
a pou branch fanmi pèp Izrayèl la. 9 Seyè sèl Mèt la pale
ankò, li di konsa: -Nou menm, chèf peyi Izrayèl la, nou fè
kont peche nou. Sispann maltrete moun, sispann pran sa
ki pa pou nou. Fè sa ki dwat, pa fè lenjistis. Pa mete pèp
la deyò sou tè ki pou li a. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt
la, ki di nou sa. 10 Se pou tout moun sèvi ak bon pwa, ak
bon mezi san madou. 11 Mezi efa ki sèvi pou grenn yo
fèt pou gen menm valè ak mezi bat ki sèvi pou likid yo.
Gwo mezi a se omè a. Sa ban nou yon omè egal dis efa,
egal dis bat. 12 Pou pwa yo, n'a gen vin gera egal yon
chekèl, swasant chekèl egal yon mina. 13 Men ki jan n'a
mezire ofrann nou yo. Pou ble a, n'a bay yon mezi pou
chak swasant mezi nou rekòlte. Pou lòj la, n'a bay yon
mezi pou chak swasant mezi nou rekòlte. 14 Pou lwil oliv
la, n'a bay yon mezi pou chak san mezi lwil pye oliv yo
bay. N'a mezire lwil la ak mezi bat la: dis bat pou yon
omè, osinon pou yon kò. 15 Pou mouton yo, n'a bay yonn
pou chak desan (200) mouton yon fanmi genyen. Se pou
nou fè ofrann grenn jaden yo, ofrann bèt pou yo boule
nèt, ak ofrann bèt pou yo touye pou di mèsi, pou Bondye
ka padonnen peche nou yo. Se mwen menm, Seyè sèl
Mèt la, ki bay lòd sa a. 16 Tout moun nan peyi a fèt pou
pote ofrann sa yo bay wa k'ap gouvènen pèp Izrayèl la.
17 Se devwa wa a pou li bay bèt pou yo boule nèt, grenn
jaden, ak diven pou yo ofri pou tout pèp Izrayèl la pou fèt
lalin nouvèl yo, pou jou repo m' yo ak pou tout lòt fèt yo.
Se li ki pou bay ofrann pou mande Bondye padon, ofrann
grenn jaden, ofrann pou yo boule nèt ak ofrann pou di
mèsi, pou Bondye ka wete peche pèp Izrayèl la. 18 Seyè
sèl Mèt la pale ankò, li di konsa: -Chak premye jou nan
premye mwa lanne a, se pou nou touye yon towo bèf
san ankenn enfimite bay Bondye, pou mete Tanp lan nan
kondisyon pou fè sèvis Bondye a. 19 Prèt la va pran ti
gout nan san bèt yo ofri pou mande Bondye padon an, l'a
mete sou de poto ki bò pòtay Tanp lan, sou kat kwen lotèl
la, sou tout poto pòtay ki mennen nan ti lakou anndan an.
20 Sou setyèm jou mwa a, se pou nou fè menm bagay
la ankò pou tout moun ki fè peche san yo pa konnen,
osinon san yo pa fè espre. Se konsa n'a kenbe Tanp lan
nan kondisyon pou fè sèvis Bondye a. 21 Sou katòzyèm
jou premye mwa a, n'a konmanse ak seremoni pou fèt
Delivrans lan. Pandan sèt jou, se pou tout moun manje
pen san ledven. 22 Sou premye jou fèt la, wa a gen pou l'
ofri yon towo bèf pou yo touye pou mande Bondye padon
pou peche l' yo ak pou peche tout pèp la. 23 Chak jou,
pandan sèt jou fèt la, se pou l' ofri sèt towo bèf ak sèt
belye mouton san ankenn enfimite pou yo boule nèt pou
Seyè a. Chak jou, l'a bay yon bouk kabrit pou yo touye
pou mande Bondye padon pou peche yo. 24 Pou chak
towo bèf ak pou chak belye mouton yo gen pou yo touye,
se pou yo ofri yon demi mezi grenn jaden ak twaka yon
mezi lwil oliv. 25 Pou fèt Joupa yo, ki konmanse nan
kenzyèm jou setyèm mwa a, wa a va fè menm bagay la
tou chak jou, pandan sèt jou: ofrann pou mande Bondye
padon, ofrann bèt pou boule nèt yo, ofrann grenn jaden
yo ak ofrann lwil oliv yo.

46 Seyè sèl Mèt la di ankò: -Se pou yo kenbe pòtay
bò solèy leve nan ti lakou anndan an fèmen pandan
sis jou moun gen dwa travay la. Men, y'a louvri l' jou repo
ak jou fèt lalin nouvèl lan. 2 Wa a va soti nan gwo lakou
deyò a, l'a antre nan gwo chanm ki nan bout koridò a, l'a
kanpe bò poto pòtay yo. Prèt yo menm va boule ofrann ki
pou boule nèt yo. Y'a fè ofrann pou di Bondye mèsi yo. Se
la, bò pòtay la, wa a va mete ajenou pou adore Bondye.
Apre sa, l'a soti. Pòtay la va ret louvri jouk aswè. 3 Chak
jou repo m' yo ak chak fèt lalin nouvèl yo, se pou tout pèp
la mete ajenou pou yo adore Seyè a devan pòtay la. 4
Chak jou repo m' yo se pou wa a ofri sis ti mouton ak
yon belye mouton san ankenn enfimite, pou yo boule nèt
pou Seyè a. 5 Avèk chak belye mouton, l'a ofri yon demi
mezi grenn jaden. Avèk chak ti mouton, l'a bay sa l'a vle.
Pou chak demi mezi grenn, l'a bay twaka yon mezi lwil
oliv. 6 Pou fèt lalin nouvèl lan, l'a ofri yon jenn towo bèf,
sis ti mouton ak yon belye mouton, yo tout san ankenn
enfimite. 7 Pou chak towo bèf ak pou chak belye mouton,
l'a ofri yon demi mezi grenn jaden. Pou chak ti mouton, l'a
ofri sa li vle. Se pou l' ofri twaka yon mezi lwil oliv pou
chak demi mezi grenn li ofri. 8 Lè wa a ap antre, se pou l'
pase nan gwo chanm ki nan bout koridò a. Lè l'ap soti, se
la pou l' pase tou. 9 Pou nenpòt fèt, lè pèp la ap vin adore
Seyè a, moun ki pase nan pòtay nò a pou yo antre va
pase nan pòtay sid la pou yo soti. Moun ki pase nan pòtay
sid la pou yo antre va pase nan pòtay nò a pou yo soti.
Pesonn p'ap gen dwa pase soti kote li te pase antre a. Se
pou l' pase soti nan pòtay anfas la. 10 Wa a va kanpe
avèk pèp la, l'a antre ansanm ak yo, l'a soti ansanm ak
yo. 11 Pou jou fèt yo ak pou gwo seremoni yo, y'a ofri
yon demi mezi grenn jaden pou chak towo bèf osinon
pou chak belye mouton y'ap ofri. Pou chak ti mouton yon
moun ap ofri, l'a bay sa l'a vle. Se pou yo bay twaka yon
mezi lwil pou chak demi mezi grenn jaden. 12 Lè wa a
ap fè yon ofrann paske li vle fè l' bay Seyè a, kit se yon
ofrann pou yo boule nèt, kit se yon ofrann pou di Bondye

mèsi, y'a louvri pòtay ki bay sou solèy leve nan ti lakou
anndan an pou li. Se pou li fè ofrann li menm jan li fè l'
pou jou repo yo. Men, soti li soti, y'a fèmen pòtay la. 13
Seyè a di ankò: -Chak maten, se pou yo ofri yon ti mouton
ennan san ankenn enfimite pou yo boule nèt pou Seyè a.
Se pou yo fè ofrann sa a chak jou. 14 Chak maten, y'a
ofri tou senk liv farin frans ak yon boutèy ka lwil oliv y'a
melanje ak farin lan. Se konsa pou yo fè ofrann sa yo
bay Seyè a. Sa se yon lòd ki la pou toutan, ki p'ap janm
chanje. 15 Chak jou nan maten, san sote yon jou, se pou
yo ofri ti mouton an, farin lan ak lwil la pou yo boule nèt
pou Seyè a. 16 Seyè sèl Mèt la bay lòd sa a: -Si wa a fè
yonn nan pitit li yo kado yon moso nan tè li a, moso tè sa
a ap toujou rete pou pitit la. Se va byen eritaj fanmi li. 17
Men, si wa a fè yon moun k'ap sèvi l' kado yon moso nan
tè li a, tè a ap tounen pou wa a ankò lè lanne rejwisans
lan va rive. Paske, tè a se pou li. Se sèlman li menm ak
pitit li ki ka mèt tè a pou toutan. 18 Wa a pa gen dwa
mete ankenn moun nan pèp la deyò sou tè yo pou li pran
l' pou li. Se nan tè ki rele l' pa l' la pou l' pran pou l' bay
pitit li. Konsa, li p'ap mete pesonn deyò sou tè yo pou l'
pran tè a pou li. 19 Apre sa, nonm lan mennen m' devan
pòt ki toupre pòtay sid la, nan ti lakou anndan an. Pòt la
te bay sou chanm yo mete apa pou prèt Bondye yo, sou
bò nò a. Li moutre m' yon espas nan fon an, sou bò solèy
kouche chanm yo. 20 Epi li di m': -Men kote prèt yo va
bouyi vyann bèt yo te touye pou mande Bondye padon
osinon pou peye pou peche yo fè yo. Se la tou y'a kwit
ofrann farin yo. Konsa, tou sa yo te mete apa pou Bondye
p'ap janm soti nan gwo lakou a kote yo te ka fè malè rive
pèp la. 21 Apre sa, li mennen m' nan gwo lakou deyò a, li
fè m' pase nan kat kwen lakou a. Te gen yon ti lakou nan
chak kwen. 22 Antou, sa te fè kat ti lakou. Chak ti lakou
sa yo te gen swasantwit pye longè, karantwit pye lajè. 23
Yo chak te gen yon miray wòch ki te fèmen yo. Nan pye
miray yo, te gen yon seri fouye dife ki te fè wonn lakou a.
24 Nonm lan di m': -Sa se kizin kote moun k'ap sèvi nan
Tanp lan va bouyi vyann bèt pèp la ofri bay Bondye.

47 Apre sa, nonm lan mennen m' tounen devan pòtay
pou antre nan Tanp lan. Mwen wè yon dlo k'ap soti
anba papòt kay la, li t'ap koule nan direksyon solèy leve.
Se nan direksyon sa a pòtay Tanp lan te bay tou. Dlo a
t'ap koule desann soti anba fondasyon ki sou bò sid Tanp
lan, li pase adwat sou bò sid lotèl la. 2 Nonm lan fè m'
soti kite lakou Tanp lan. Mwen pase nan pòtay nò a, nou
fè yon detou jouk nou rive bò pòtay ki bay sou solèy leve
a. Yon ti dlo t'ap koule soti nan kwen sid pòtay la. 3 Nonm
lan swiv ti kouran dlo a desann nan direksyon solèy leve.
Avèk baton mezi ki te nan men l' lan, li mezire senksan
(500) mèt. Rive la, li fè m' janbe dlo a. Dlo a ban m' nan je
pye. 4 Li mezire yon lòt senksan (500) mèt ankò, li fè m'
janbe dlo a, dlo a ban mwen nan jenou. Li mezire yon lòt
senksan (500) mèt ankò, li fè m' janbe dlo a, dlo a ban
mwen nan ren. 5 Li mezire yon lòt senksan (500) mèt.
Rive la, se te yon gwo larivyè. Mwen pa t' ka mache janbe
l' ankò, dlo a te twò fon. Se naje pou m' ta naje travèse l'.
6 Li di m' konsa: -Nonm o! Make tou sa ou wè la a! Apre
sa, li fè m' tounen sou bò larivyè a. 7 Lè m' rive la, mwen
wè te gen anpil pyebwa sou de bò larivyè a. 8 Li di m'
konsa: -Dlo sa a ap koule desann, l'ap travèse pòsyon tè
ki bay sou solèy leve a, jouk li rive nan Fon Jouden an
pou l' tonbe nan Lanmè Mouri a. Lè l'a tonbe nan Lanmè
mouri a, l'ap fè dlo sale a tounen dlo dous. 9 Tout kote dlo
a ap koule pral gen tout kalite bèt ak pwason. Dlo larivyè
a pral fè dlo Lanmè Mouri a tounen dlo dous. Kote dlo a
pase, l'ap bay lavi. 10 Depi sous Angedi yo, desann ale
jouk sous Eneglayim yo, pral gen moun k'ap peche sou
tout bò lanmè a. Yo pral blayi senn yo ak privye yo mete
cheche. Pral gen tout kalite pwason an kantite tankou nan
lanmè Mediterane a. 11 Men, dlo ki nan lagon yo ak nan
ma dlo ki sou rivaj la p'ap dous. Y'ap rete ak tout gwo sèl
yo. 12 Sou de bò larivyè a, tout kalite pyebwa pral pouse
pou bay fwi pou moun manje. Fèy yo p'ap janm fennen,
yo p'ap janm sispann donnen. Y'ap bay yon donn chak
mwa, paske dlo k'ap koule soti nan Tanp lan pral wouze
yo. Pyebwa yo pral bay fwi pou moun manje. Fèy yo ap
sèvi renmèd. 13 Seyè sèl Mèt la di m' ankò: -Men fwontyè
peyi nou pral separe pou nou bay douz branch fanmi
pèp Izrayèl yo pòsyon pa yo chak. N'a bay branch fanmi
Jozèf la de pòsyon. 14 Separe tè a pou chak moun jwenn
pòsyon pa yo. Mwen te pwomèt zansèt nou yo m'ap ba yo
peyi sa a pou rele yo pa yo. 15 Sou bò nò, fwontyè a va
soti depi bò lanmè Mediterane a, l'a desann nan direksyon
solèy leve, l'a pase lavil Etlon, l'a rive lavil Zeda nan Fon
Amat la. 16 L'a pase lavil Bewota ak lavil Sibrayim, nan
mitan peyi Damas ak peyi Amat. L'a rive lavil Tikon ki
sou fwontyè peyi Oran an. 17 Konsa, fwontyè nò peyi a
soti bò lanmè Mediterane, li desann jouk lavil Enon nan
direksyon solèy leve. L'ap bòde ak fwontyè peyi Damas
ak peyi Amat. 18 Sou bò solèy leve, fwontyè a ap pati
nan yon bòn ki ant peyi Damas la ak peyi Oran an. L'ap
desann nan direksyon sid jouk larivyè Jouden an k'ap sèvi
fwontyè ant peyi Izrayèl la sou bò solèy kouche ak peyi
Galarad sou bò solèy leve. L'a desann toujou jouk li rive
lavil Tama, bò lanmè Mouri a. 19 Sou bò sid la, fwontyè
ap pran direksyon sid yon ti kras plis sou solèy kouche,
soti lavil Tama rive nan ti bwa bò sous dlo Meriba yo nan
peyi Kadès. Rive la, l'ap vire sou nò yon ti jan sou solèy
kouche, l'a pran ravin lan moute rive bò lanmè Mediterane
a. 20 Sou bò solèy kouche a, se lanmè Mediterane a k'ap
sèvi yo fwontyè moute rive sou yon bòn ki sou bò solèy
kouche lavil Amat. 21 N'a separe tè a bay chak branch
fanmi pèp Izrayèl la pòsyon pa yo. 22 N'a separe peyi a
bay chak moun sa ki vin pou yo. Moun lòt nasyon k'ap viv
nan mitan nou epi ki gen pitit ki fèt la va resevwa moso tè
pa yo tou lè n'ap separe peyi a. Se pou nou konsidere yo
tankou nenpòt moun pèp Izrayèl k'ap viv nan peyi a. Y'a
tire osò pou pòsyon ki pou vin pou yo nan peyi a ansanm
ak moun branch fanmi pèp Izrayèl yo. 23 Chak moun lòt
nasyon ki rete nan peyi a va resevwa moso tè pa yo nan

pòsyon ki pou branch fanmi moun kote y'ap viv la. Se
mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.

48 Sou bò nò, fwontyè peyi a ap soti bò lanmè
Mediterane a, l'ap pran direksyon solèy leve jouk
lavil Etlon, l'ap pase devan Amat, l'ap rive lavil Enon. L'ap
kouri sou fwontyè ant peyi Damas ak peyi Amat. Chak
branch fanmi pèp la pral resevwa yon pòsyon tè k'ap
soti depi bò lanmè Mediterane sou lizyè solèy kouche a
rive sou lizyè solèy leve a. Lè ou konmanse sou lizyè
nò a, ou jwenn pòsyon tè branch fanmi Dann lan. **2**
Apre li, se pòsyon tè branch fanmi Asè a. **3** Apre li, se
pòsyon tè branch fanmi Neftali a. **4** Apre li, se pòsyon tè
branch fanmi Manase a. **5** Apre li, se pòsyon tè branch
fanmi Efrayim lan. **6** Apre li, se pòsyon tè branch fanmi
Woubenn lan. **7** Apre li, se pòsyon tè branch fanmi Jida a.
8 Apre pòsyon Jida a, se va pòsyon mitan y'a mete apa a.
L'ap gen douz kilomèt edmi lajè soti nan nò desann nan
sid. L'ap menm longè ak pòsyon yo bay branch fanmi yo.
L'ap soti sou lizyè solèy leve rive sou lizyè solèy kouche.
Se nan mitan pòsyon sa a y'a moute Tanp lan. **9** Nan
mitan pòsyon sa a, n'a wete yon moso tè douz kilomèt
longè sou dizwit kilomèt lajè mete l' apa nèt pou Seyè
a. **10** Y'a bay prèt yo yon moso nan tè yo mete apa pou
Seyè a. Moso tè pa yo a va mezire douz kilomèt edmi
longè soti solèy leve rive solèy kouche, senk kilomèt lajè
soti nan nò rive nan sid. Se nan mitan moso tè sa a y'a
moute Tanp Seyè a. **11** Moso tè sa a va rete pou prèt ki
soti nan fanmi Zadòk, prèt yo te mete apa pou mwen an,
paske se yo menm ki te kenbe fèm nan sèvis mwen, ki pa
t' pèdi tèt yo lè rès pèp Izrayèl la te pèdi tèt yo ansanm ak
lòt moun branch fanmi Levi yo. **12** Se konsa, y'a ba yo
yon moso tè pou kont yo, kole kole ak moso tè yo bay
moun Levi yo. Se moso tè sa a ki va rete apa nèt pou
Seyè a. **13** Moun Levi yo tou va gen yon moso tè pou yo,
sou bò sid pòsyon tè prèt yo. Moso tè sa a tou va mezire
douz kilomèt edmi longè soti solèy leve al solèy kouche,
sou senk kilomèt lajè soti nan nò rive nan sid. **14** Yo p'ap
gen dwa ni vann tè a, ni boukante l' ak lòt moun, ni bay lòt
moun li. Se pi bon tè nan tout pèyi a. Yo mete l' apa pou
Seyè a, se pou li li ye nèt. **15** Rès tè ki rete nan pòsyon
mitan an t'ap mezire douz kilomèt edmi longè, sou de
kilomèt edmi lajè. Li menm, yo p'ap mete l' apa pou Seyè
a, l'a rete pou sèvis moun lavil la, pou bati kay, pou fè
lakou. Y'a bati lavil la dwat nan mitan l'. **16** Lavil la ap kare
kare, ak demil senksanven (2520) mèt chak bò. **17** Sou
chak bò lavil la va gen yon moso tè kote pou fè lakou. L'a
gen sanven (120) mèt lajè. **18** Lè y'a fin bati lavil la nan ti
pòsyon ki sou bò sid pòsyon tè yo mete apa pou Seyè a,
va rete de gwo moso tè, yonn sou chak bò lavil la. Yo
chak ap mezire senk kilomèt longè sou de kilomèt edmi
lajè. Y'a sèvi jaden pou moun k'ap viv nan lavil la. **19**
Depi yon moun ap viv nan lavil la, yo pa bezwen konnen
nan ki branch fanmi yo moun, yo gen dwa travay tè sa
a. **20** Konsa, pòsyon mitan yo mete apa a va kare kare,
douz kilomèt edmi chak bò. Anplasman lavil la va ladan l'
tou. **21** Sou bò solèy leve ak sou bò solèy kouche pòsyon
mitan sa a, kote nou jwenn anplasman Tanp lan, moso tè
pou prèt yo ak moun Levi yo ansanm ak anplasman lavil
la, va rete de gwo pòsyon ki va pou wa a. Konsa, pòsyon
wa a va menm valè ak pòsyon yo bay chak branch fanmi.
Tansèlman, l'ap gen pòsyon tè pou Seyè a nan mitan l'.
22 Pòsyon sou bò solèy leve a va rive jouk sou lanmè
Mediterane a. L'ap gen pòsyon tè pou branch fanmi Jida
a sou bò nò, ak pòsyon tè pou branch fanmi Benjamen an
sou bò sid pou lizyè. **23** Sou bò sid pòsyon mitan sa a, lòt
sis branch fanmi pèp la va resevwa pòsyon pa yo. L'a
soti depi sou fwontyè bò solèy leve a rive sou fwontyè bò
solèy kouche a, bò lanmè Mediterane a. Lè ou konmanse
sou lizyè pòsyon mitan an, ou jwenn yon pòsyon tè pou
branch fanmi Benjamen an. **24** Apre li, se pòsyon tè pou
branch fanmi Simeyon an. **25** Apre li, se pòsyon tè pou
branch fanmi Isaka a. **26** Apre li, se pòsyon tè pou branch
fanmi Zabilon an. **27** Apre li, se pòsyon tè pou branch
fanmi Gad la. **28** Sou bò sid pòsyon tè pou branch fanmi
Gad la, fwontyè a ap kouri depi lavil Tama, desann nan
touf bwa ki bò sous dlo Meriba nan peyi Kadès la, moute
pase bò fwontyè peyi Lejip la rive lanmè Mediterane. **29**
Seyè sèl Mèt la di: -Men peyi nou pral separe an pòsyon
pou nou bay chak branch fanmi pèp Izrayèl la pa yo. **30**
Lavil Jerizalèm va fèmen nan mitan kat gwo miray. L'ap
gen douz pòtay. Chak pòtay va pòte non yonn nan douz
branch fanmi pèp Izrayèl la. Miray nò a va mezire demil
senksanven (2520) mèt longè. **31** L'a gen twa pòtay:
pòtay Woubenn, pòtay Jida, pòtay Levi. **32** Miray bò solèy
leve a va mezire demil senksanven (2520) mèt longè. L'a
gen twa pòtay: pòtay Jozèf, pòtay Benjamen, pòtay Dann.
33 Miray sid la va mezire demil senksanven (2520) mèt
longè. L'a gen twa pòtay: pòtay Simeyon, pòtay Isaka,
pòtay Zabilon. **34** Miray bò solèy kouche a va mezire
demil senksanven (2520) mèt longè. L'a gen twa pòtay:
pòtay Gad, pòtay Asè, pòtay Neftali. **35** Tout miray la nèt
va mezire dimil katreven (10.080) mèt longè antou. Depi
jou sa a, y'a rele lavil la: Se la Seyè a ye!

Danyèl

1 Nan twazyèm lanne rèy Jojakim, wa peyi Jida a, Nèbikadneza, wa lavil Babilòn, vin atake lavil Jerizalèm. Li sènen l' toupatou. **2** Seyè a kite l' mete men sou wa Jojakim ak bonkou nan bagay yo te mete apa pou fè sèvis Bondye nan Tanp lan. Nèbikadneza mennen kèk prizonye avè l' nan tanp bondye pa l' yo lavil Babilòn. Lèfini li mete bagay li te pran yo nan depo tanp bondye pa l' yo. **3** Wa a te bay Achpenaz, kòmandan nèg konfyans li yo, lòd pou l' te chwazi nan moun pèp Izrayèl yo te depòte yo kèk jenn gason ki soti nan fanmi wa a, osinon nan fanmi grannèg yo. **4** Se pou jenn mesye sa yo bèl gason san okenn enfimite. Se pou yo gen bon konprann, bon levasyon ak anpil konesans pou yo ka sèvi nan palè wa a. Achpenaz te gen pou l' te moutre yo jan pou yo li, jan pou yo ekri lang moun Babilòn yo. **5** Wa a te bay lòd pou chak jou yo te pran nan manje ak nan diven yo sèvi sou tab wa a pou ba yo. Se pou yo pase twazan konsa. Apre sa, y'a parèt devan wa a pou sèvis li. **6** Nan jenn gason yo te chwazi yo te gen kat ki te soti nan branch fanmi Jida: se te Danyèl, Ananya, Michayèl ak Azarya. **7** Kòmandan nèg konfyans wa yo te chanje non ti mesye yo. Li te rele Danyèl Beltechaza, Ananya Chadrak, Michayèl Mechak, Azarya Abèdnego. **8** Danyèl te pran desizyon nan kè l' pou l' pa t' manyen ni manje ni diven yo sèvi nan palè wa a pou l' te ka toujou nan kondisyon pou l' sèvi Bondye l'. Se konsa, li al jwenn kòmandan nèg konfyans wa a, li mande l' pèmisyon pou l' pa blije manje manje sa yo. **9** Bondye fè Achpenaz, kòmandan nèg konfyans wa a, te renmen Danyèl, san l' te ale avè l'. **10** Men, Achpenaz di Danyèl konsa: -Mwen pè wa a, mèt mwen an. Se wa a menm ki deside sa pou n' manje ak sa pou n' bwè. Si nou pa anfòm tankou lòt jenn gason menm laj avè nou yo, nou ka lakòz wa a touye m'. **11** Lè sa a, Danyèl al jwenn gad kòmandan an te mete reskonsab li ansanm ak Ananya, Michayèl ak Azarya. Li di l': **12** -Pandan dis jou ban nou legim ase pou n' manje ak dlo pou nou bwè. **13** Apre sa, w'a wè ki jan nou ye devan lòt jenn gason yo k'ap manje manje wa a. Lè sa a, w'a fè sa ou vle avè nou, dapre sa w'a wè. **14** Gad la dakò pou l' ba yo yon chans pandan dis jou. **15** Apre dis jou yo, figi ti mesye yo te pi fre, yo te pi anfòm pase jenn gason ki te manje manje wa a. **16** Depi lè sa a, gad la pa t' ba yo manje ak diven wa a te bay pou yo a, li ba yo legim pito. **17** Bondye bay kat jenn gason sa yo konesans, lespri ak bon konprann pou yo te ka li tout kalite liv. Lèfini, li bay Danyèl don pou l' te konprann sans tout kalite vizyon ak tout kalite rèv. **18** Apre tan wa a te fikse a fin pase, Achpenaz mennen tout jenn gason yo bay wa Nèbikadneza. **19** Wa a pale ak yo tout. Nan mitan tout jenn gason yo li pa t' jwenn tankou Danyèl, Ananya, Michayèl ak Azarya. Se konsa yo rete nan palè a pou sèvi wa a. **20** Lè wa a mande yo konsèy pou nenpòt pwoblèm ki mande konesans ak lespri, li wè jenn gason sa yo te konnen dis fwa plis pase tout lòt divinò ak moun ki li zetwal nan tout peyi a. **21** Se konsa, Danyèl rete nan palè a jouk lè wa Siris antre lavil Babilòn.

2 Wa Nèbikadneza t'ap mache sou dezan depi li t'ap gouvènen, lè li fè divès rèv. Sa te boulvèse lespri l' anpil. Li pa t' ka dòmi. **2** Li fè chache divinò, moun ki li zetwal, moun ki fè cham ak nèg save pou yo vin esplike wa a rèv li fè yo. Lè yo rive, yo kanpe devan wa a. **3** Wa a di yo konsa: -Mwen fè yon rèv k'ap boulvèse m' anpil. Mwen ta renmen nou fè m' konnen sa li vle di. **4** Mesye yo reponn wa a nan lang arameyen. Yo di l' konsa: -Se pou wa a viv pou tout tan! Se sèvitè ou nou ye. Rakonte nou rèv la, n'a esplike ou sa l' vle di. **5** Wa a reponn, li di mesye yo: -Mwen deside se nou ki pou rakonte m' rèv mwen te fè a, lèfini, pou nou fè m' konnen sa li vle di. Si nou pa kapab, m'ap fè yo depatcha nou, m'ap fè yo kraze kay nou ra pye tè. **6** Men, si nou rakonte m' rèv mwen te fè a, si nou fè m' konnen sa li vle di, m'ap fè nou kado anpil bagay. M'ap fè bèl bagay pou nou. Annou wè. Rakonte m' rèv la. Di m' sa li vle di. **7** Mesye yo reponn wa a yon dezyèm fwa: -Si monwa ta vle rakonte nou rèv la, n'a fè l' konnen sa li vle di. **8** Wa a di: -Mwen sèten nou soti pou n' fè lè, paske nou konnen mwen fin deside **9** si nou pa rakonte m' rèv la, m'ap fè nou tout pase menm jan an. Nou mete tèt ansanm pou nou ban m' manti, paske nou kwè yon lè sa va chanje. Se nou ki pou rakonte m' rèv mwen te fè a. Lè sa a, m'a konnen nou ka di m' sa rèv la vle di. **10** Nèg save yo reponn wa a, yo di l' konsa: -Pa gen pesonn sou tout latè ki ka fè wa a konnen sa l'ap mande la a. Se poutèt sa, pa janm gen wa, li te mèt gran kou l' gran, li te mèt gen pouvwa pase sa n' pa konnen, ki ka mande yon majisyen, yon moun ki li zetwal osinon yon nèg save bagay konsa. **11** Sa monwa ap mande la a se yon bagay ki difisil anpil. Pa gen moun sou latè ki ka fè l' pou ou. Se bondye yo ase ki ka fè sa. Men, bondye yo pa rete nan mitan moun. **12** Lè wa a tande sa, li move. Li fè yon sèl kòlè, li bay lòd touye dènye nèg save ki lavil Babilòn. **13** Se konsa yo fè tout moun nan peyi a konnen yo tapral touye tout nèg save yo. Y' al chache Danyèl ak zanmi l' yo pou touye yo tou. **14** Lè sa a, Danyèl al jwenn Ajòk, kòmandan gad palè wa a ki t'ap pase pou li al touye nèg save yo. Li pran san li pou l' pale byen avè l'. **15** Li di Ajòk, ofisye wa a: -Poukisa wa a bay lòd sevè sa a? Ajòk rakonte Danyèl sa ki pase. **16** Danyèl al mande wa a pou li ba li yon dèle pou l' ka fè wa a konnen sa rèv la vle di. **17** Apre sa, Danyèl al lakay li, epi li di Ananya, Michayèl ak Azarya, zanmi l' yo, sa ki genyen. **18** Li mande pou yo lapriyè Bondye ki nan syèl la pou li gen pitye pou yo, pou li fè yo konprann rèv la, konsa yo p'ap touye ni yo menm ni lòt nèg save lavil Babilòn yo. **19** Menm jou lannwit sa a, Bondye fè Danyèl konprann rèv la nan yon vizyon. Lè sa a, Danyèl fè lwanj Bondye ki nan syèl la. **20** Li di: -benediksyon pou Bondye pou tout tan tout tan. Se li ki gen tout konesans, se li ki gen tout fòs. **21** Li kontwole sezon yo ak lè pou chak bagay rive. Se li ki desann wa yo, se li ki moute wa yo. Se li ki bay nèg save

yo bon konprann ak nèg lespri yo konesans. **22** Se li ki fè
moun konnen tout sekrè ki kache. Li konnen tou sa ki nan
fènwa. Limyè klere kote l' pase. **23** Bondye zansèt mwen
yo, m'ap fè lwanj ou, m'ap di ou mèsi paske ou ban m' fòs
ak bon konprann. Ou fè m' konnen sa nou te mande ou la,
ou fè nou konnen sa ki t'ap boulvèse wa a. **24** Lamenm,
Danyèl al jwenn Ajòk, nonm wa a te bay lòd al touye tout
nèg save lavil Babilòn yo. Li di l' konsa: -Pa touye nèg
save lavil Babilòn yo. Mennen m' bò kote wa a, m'a di l' sa
rèv li te fè a vle di. **25** Ajòk prese mennen Danyèl bay
wa a. Epi li di: -Monwa, mwen jwenn yon nonm nan jwif
yo te depòte yo ki ka di ou sa rèv ou te fè a vle di. **26**
Wa a di Danyèl yo te rele Beltechaza a: -Eske ou ka di
m' rèv mwen te fè a? Eske ou ka fè m' konnen sa l' vle
di? **27** Danyèl reponn: -Monwa, pa gen nèg save, pa gen
divinò, pa gen majisyen, ata moun ki konn li zetwal, ki ka
fè ou konnen sa. **28** Men, gen yon Bondye nan syèl la ki
devwale tout sekrè ki kache. Se li k'ap fè ou konnen sa
ki gen pou rive pita. Men rèv ou te fè a, men vizyon ou
te wè pandan ou t'ap dòmi an. **29** Lè sa a, monwa t'ap
dòmi, tèt ou pran travay sou sa ki gen pou rive pita. Epi
Bondye ki devwale tout sekrè fè ou konnen sa ki pral rive.
30 Konnen byen, monwa, se pa paske mwen gen plis
konprann pase tout moun ki fè m' rive konnen sekrè sa a.
Men, se pou wa a ka rive konnen sans rèv li te fè a, pou l'
ka konprann tout lide sa yo ki t'ap travay nan tèt li a. **31**
Monwa, ou fè yon vizyon. Ou wè yon gwo estati byen wo
kanpe devan ou. Li te klere kou sa m' pa konnen. Bagay
pou fè moun pè anpil. **32** Tèt li te fèt an lò, lestonmak li ak
de bra l' yo te fèt an ajan, vant li ak de kwis li yo te fèt
an kwiv, **33** de janm li yo te fèt an fè, pye l' yo menm te
mwatye an fè, mwatye an tè krich. **34** Antan ou t'ap gade
l' konsa, yon wòch pran woule desann soti kote l' soti a,
san se pa pesonn ki voye l', li vin frape estati a nan pye l'
yo ki te fèt mwatye an fè mwatye an tè krich, li kraze yo
an miyèt moso. **35** Lamenm, fè, tè krich, kwiv, ajan, lò
tonbe atè, yo tounen pousyè tankou pousyè sou glasi nan
sezon chalè. Yon van soufle, li pote yo ale, li pa kite yon
ti remak. Men, wòch ki te frape estati a pran grandi, li
grandi, li grandi jouk li tounen yon gwo mòn ki kouvri tout
latè. **36** Sa se rèv ou te fè a. Koulye a, monwa, mwen pral
fè ou konnen sa li vle di. **37** Monwa, se ou ki pi gran pase
tout wa. Se Bondye nan syèl la ki mete ou wa, li ba ou
pouvwa, li ba ou fòs, li fè moun fè lwanj ou. **38** Li mete ou
chèf pou ou gouvènen tout moun ki rete sou latè, pou ou
gouvènen ata zannimo ak zwazo. Se ou menm ki tèt an lò
a. **39** Apre ou, va gen yon lòt pèp k'ap pran gouvènman
an. Men, gouvènman wa li a p'ap ka wè devan pa ou la.
Konsa tou apre sa, va gen yon twazyèm pèp k'ap pran
gouvènman an ankò. Se va tankou kwiv devan lò ou la.
Li menm tou, l'ap donminen sou tout latè. **40** Apre sa
ankò, va gen yon katriyèm pèp k'ap pran gouvènman
an. L'ap di kou fè. L'ap kraze brize. Menm jan fè kraze
tout bagay, se konsa l'ap kraze lòt nasyon yo, l'ap fè yo
tounen pousyè. **41** Ou te wè tou de pye yo ak tout zòtèy
yo te mwatye an fè mwatye an tè krich. Sa vle di, ape gen
divizyon nan dènye gouvènman an. L'ap yon ti jan solid
tankou fè, menm jan ou te wè fè melanje ak tè krich la.
42 Zòtèy yo tou te mwatye fè, mwatye tè krich. Sa vle
di, yon pòsyon nan gouvènman sa a pral gen fòs, yon
lòt pòsyon pral fèb. **43** Ou te wè fè a te melanje ak tè
krich la, men yo pa t' pran. Konsa tou, chèf gouvènman
sa yo pral seye mete tèt yo ansanm. Y'ap fè de fanmi
yo marye yonn ak lòt. Men, sa p'ap mache. **44** Nan rèy
dènye chèf sa yo, Bondye nan syèl la pral fè yon lòt chèf
parèt, l'ap pran gouvènman an nan men yo pou tout tan.
Li p'ap janm pase yon lòt li. Men, l'ap kraze tout lòt pèp
yo, l'ap detwi yo. Li menm l'ap kanpe la pou tout tan. **45**
Ou te wè ki jan yon wòch te pran desann soti kote l' soti
a, san se pa pesonn ki voye l', epi li kraze gwo estati ki te
fèt an fè, kwiv, tè krich, ajan ak lò a, pa vre? Bondye ki
gen anpil pouvwa a fè monwa konnen sa ki gen pou rive
nan tan k'ap vini an. Rèv ou te fè a klè. Sans mwen fè
ou konnen an sèten. **46** Lè sa a, wa Nèbikadneza tonbe
ajenou, li bese tèt li jouk atè devan Danyèl, epi li bay lòd
pou yo fè ofrann bèt pou touye ak lòt ofrann ba li. **47**
Wa a di Danyèl konsa: -Se vre wi! Bondye ou la gen plis
pouvwa pase tout lòt bondye yo. Se li ki chèf tout wa,
se li menm ki fè moun konnen sekrè ki kache, depi ou
te ka fè m' konprann sans rèv mwen te fè a. **48** Wa a
mete Danyèl nan yon gwo pozisyon, li fè l' kado anpil bèl
bagay, li nonmen l' gouvènè pwovens Babilòn lan, li mete
l' sèl chèf sou tout nèg save lavil Babilòn yo. **49** Danyèl
mande wa a pou li mete Chadrak, Mechak ak Abèdnego
reskonsab òganize travay gouvènman an nan pwovens
Babilòn lan. Danyèl menm te rete nan palè wa a.

3 Wa Nèbikadneza te fè fè yon gwo estati lò. Estati a
te gen katrevendis pye wotè ak nèf pye lajè. Li fè yo
mete l' kanpe nan mitan plenn Doura a, nan pwovens
Babilòn lan. **2** Lèfini, wa a bay lòd pou tout otorite yo:
prefè, kòmandan, gouvènè, komisè, prepoze, jij, majistra
ansanm ak tout lòt chèf pwovens yo, reyini pou y'a l' nan
premye seremoni y'ap fè pou mete estati lò wa a te fè fè a
an sèvis. **3** Se konsa, tout otorite yo te reyini pou gwo fèt
premye seremoni an. Yo te kanpe devan estati wa a te fè
fè a. **4** Yonn nan moun ki te konn fè piblikasyon yo pran
pale byen fò, li di: -Nou menm moun tout nasyon, moun
tout ras ki pale tout kalite lang, men lòd yo ban nou. **5** Talè
konsa nou pral tande yo kònen twonpèt. Apre sa, yo pral
jwe fif, bandjo, gita. Lèfini, yo pral jwe tout lòt enstriman
mizik yo ansanm. Lè mizik la konmanse, se pou nou mete
ajenou devan estati lò wa Nèbikadneza te fè fè a. Se pou
nou adore l'. **6** Tout moun ki refize mete ajenou devan
estati a pou adore l', y'ap pran l' al lage tou vivan anndan
yon gwo fou tou limen. **7** Se konsa, tande moun yo tande
twonpèt la ak tout lòt enstriman yo, yo tonbe ajenou devan
estati lò wa Nèbikadneza te fè fè a, yo adore l'. Te gen
moun tout nasyon ki soti nan tout ras, epi ki pale tout kalite
lang. **8** Lè sa a, gen kèk moun lavil Babilòn ki pwofite al

denonse jwif yo. **9** Yo di wa Nèbikadneza konsa: -Se pou
wa a viv pou tout tan! **10** Monwa, ou fè pibliye yon lòd ki
mande pou tout moun mete ajenou, pou yo adore estati lò
a, lè y'a tande twonpèt ak tout lòt enstriman mizik yo ap
jwe. **11** Si yon moun pa mete ajenou pou adore estati a,
se pou yo lage l' tout vivan nan gwo fou tou limen an.
12 Enben! Gen twa jwif ou te mete reskonsab pwovens
Babilòn lan. Se Chadrak, Mechak ak Abèdnego. Mesye
sa yo pa okipe lòd ou bay la, monwa. Yo pa adore bondye
ou la. Yo pa mete ajenou devan estati lò ou te fè fè a. **13**
Lè Nèbikadneza tande sa, li move anpil, li fè gwo kòlè, li
bay lòd pou yo mennen Chadrak, Mechak ak Abèdnego
ba li. Lamenm, yo mennen twa mesye yo devan wa a. **14**
Wa a di yo konsa: -Chadrak, Mechak ak Abèdnego, èske
se vre nou derefize adore bondye mwen yo, nou derefize
mete ajenou devan estati lò mwen te fè fè a? **15** Bon,
koulye a, tande n'a tande twonpèt yo ak lòt enstriman
mizik yo ap jwe, se pou nou mete ajenou pou n' adore
estati mwen fè fè a. Si nou pa fè sa, y'ap jete nou nan
gwo fou tou limen an. Pa gen bondye ki pou delivre nou
anba men m'. **16** Chadrak, Mechak ak Abèdnego reponn,
yo di wa Nèbikadneza konsa: -Monwa, nou p'ap eseye
defann tèt nou. **17** Si Bondye n'ap sèvi a ka wete nou
nan gwo fou tou limen an, si li ka delivre nou tou anba
men ou, l'ap fè l'. **18** Men, menm si li pa vin delivre nou,
monwa, nou tou di ou nou p'ap adore bondye pa ou yo, ni
nou p'ap mete ajenou devan estati lò ou te fè fè a. **19** Lè
wa Nèbikadneza tande pawòl sa yo, li fè yon sèl kolè, li
move sou Chadrak, Mechak ak Abèdnego. Li bay lòd pou
yo chofe fou a sèt fwa plis pase jan yo te konn fè l' la. **20**
Lèfini, li mande pou kèk sòlda ki pi gwonèg nan lame li
a vin mare Chadrak, Mechak ak Abèdnego byen mare,
apre sa pou lage yo jete nan gwo fou tou limen an. **21** Se
konsa yo pran mesye yo, yo mare yo byen mare, yo jete
yo nan gwo fou tou limen an ak tout rad sou yo, soulye
nan pye yo ak gwo mouchwa mare tèt yo. **22** Lòd wa a te
bay la te sevè, kifè yo te chofe fou a anpil anpil. Se konsa
flanm dife ki t'ap soti nan fwa a boule gad ki t'ap jete
mesye yo nan dife a. Yo mouri. **23** Twa mesye yo menm,
Chadrak, Mechak ak Abèdnego, tonbe tou mare nan gwo
fou tou limen an. **24** Apre sa, wa Nèbikadneza rete konsa
li leve voup, tankou yon moun ki sezi. Li mande moun ki
te avè l' yo: -Eske se pa t' twa moun tou mare nou te
lage nan gwo fou tou limen an? Yo reponn li: -Se sa wi,
monwa! **25** Wa a di yo ankò: -Ki jan fè se kat moun mwen
wè k'ap mache nan dife a? Yo yonn pa mare. Dife a pa
fè yo anyen. Katriyèm moun lan menm sanble yon pitit
bondye yo. **26** Wa Nèbikadneza pwoche bò pòt gwo fou a
epi li rele: -Chadrak! Mechak! Abèdnego! Sèvitè Bondye
ki nan syèl la! Soti vin jwenn mwen! Epi mesye yo mache
soti nan dife a. **27** Tout gwo zotobre yo: prefè, kòmandan,
gouvènè ansanm ak tout lòt chèf yo sanble pou yo wè twa
mesye yo. Dife a pa t' fè kò yo anyen. Yon branch cheve
nan tèt yo pa t' boule, rad sou yo pa te menm flambe. Pa
t' gen okenn lafimen sou yo. **28** Wa a di konsa: -Lwanj
pou Bondye Chadrak, Mechak ak Abèdnego a! Li voye
zanj li delivre sèvitè l' yo ki te mete konfyans yo nan li. Yo
te derefize obeyi lòd mwen. Yo te pito mouri pase pou yo
ta mete ajenou pou adore yon bondye ki pa bondye pa yo
a. **29** Koulye a, men lòd mwen bay pou tout pèp, moun
tout peyi ak moun tout ras ki pale lòt lang yo: si yonn nan
nou pale Bondye Chadrak, Mechak ak Abèdnego a mal,
se pou yo depatcha l'. Lèfini, se pou yo kraze kay li nèt
mete atè. Paske pa gen lòt bondye ki ka delivre moun
konsa. **30** Wa a moute Chadrak, Mechak ak Abèdnego
grad nan pwovens Babilòn lan.

4 Men mesaj wa Nèbikadneza voye bay tout pèp, moun
tout ras nan tout peyi ki pale lòt lang toupatou sou
latè: -Gwo bonjou ak anpil kè poze pou nou tout. **2** Se
yon plezi pou mwen pou m' fè nou konnen mirak ak bèl
bagay Bondye ki anwo nan syèl la fè pou mwen. **3** Bèl
bagay li fè yo pa piti! Mirak li fè yo se gwo zafè! Bondye
ap gouvènen pou tout tan. Otorite l' la la jouk sa kaba nèt.
4 Mwen menm, Nèbikadneza, mwen t'ap viv alèz lakay
mwen. Tout zafè m' t'ap mache byen nan palè a. **5** Men,
mwen fè yon rèv ki boulvèse m' anpil. Antan m' t'ap dòmi,
yon bann vye lide t'ap travay nan tèt mwen, epi mwen
te fè yon vizyon ki t'ap trakase tèt mwen. **6** Mwen bay
lòd pou yo fè chache tout nèg save ki nan lavil Babilòn
pou yo vin ban m' esplikasyon rèv la. **7** Dènye majisyen,
dènye moun ki li zetwal, dènye divinò ak dènye nèg save
vini. Mwen rakonte yo rèv la, men yo pa t' ka esplike m'
sa li vle di. **8** Apre sa, Danyèl vini devan mwen. Yo te ba
li yon lòt non dapre non bondye mwen an: Yo te rele l'
Beltechaza. Li gen lespri bondye yo nan li. Mwen rakonte
l' rèv mwen te fè a. **9** Mwen di l': Beltechaza, ou menm ki
chèf majisyen yo, mwen konnen ou gen lespri bondye yo
nan ou, kifè pa gen mistè ou pa konprann. Men sa mwen
te wè nan rèv mwen te fè a. Di m' kisa li vle di: **10** Antan
mwen t'ap dòmi, mwen fè yon vizyon: Mwen wè yon gwo
pyebwa byen kanpe nan mitan latè. **11** Pyebwa a grandi,
li grandi jouk tèt li rive nan syèl. Toupatou sou latè moun
te ka wè l'. **12** Fèy li yo te bèl. Li te chaje ak donn. Te
gen kont pou tout moun manje. Li te bay gwo lonbray
pou bèt nan bwa yo pare solèy. Zwezo te fè nich nan
tout branch li yo. Li te bay manje pou tout kalite bèt ak
pou tout moun. **13** Nan dòmi an, antan mwen t'ap kalkile
sou rèv la, mwen wè yon zanj Bondye soti nan syèl la
desann. Se te yonn nan zanj gadyen yo. **14** Li pale byen
fò, li di konsa: Koupe pyebwa a met atè. Debranche l' nèt.
Rache tout fèy li yo. Gaye tout donn li yo. Fè tout bèt soti
anba lonbraj li. Fè tout zwezo vole kite branch li yo. **15**
Men, kite yon gwo chouk ak tout rasin li nan tè. Mare l' ak
chenn fèt an fè ak kwiv. Kite l' la konsa nan mitan zèb yo.
Se pou lawouze tonbe sou nonm sa a. Se pou l' manje
zèb nan savann tankou bèt nan bwa. **16** Pandan sètan,
li p'ap gen lespri tankou tout moun. L'ap san konprann
tankou yon bèt. **17** Se desizyon sa a zanj gadyen yo pran.
Se jijman sa a zanj Bondye yo bay. Se pou tout moun
sou latè konnen Bondye ki nan syèl la gen pouvwa sou

tout chèf. Li bay moun li vle pouvwa pou yo gouvènen. Li
pran moun ki pi ba a, li fè l' moute! 18 Men rèv mwen
menm, wa Nèbikadneza, mwen te fè a. Koulye a, ou
menm Beltechaza, esplike m' sa li vle di. Pa gen yonn nan
tout nèg save peyi m' lan ki te ka fè m' konnen sans rèv
la. Men ou menm, ou kapab, paske lespri bondye yo nan
ou. 19 Lè sa a, Danyèl ki te rele Beltechaza tou, rete yon
bon ti tan li pa di anyen, paske tèt li te boulvèse. Wa a di l'
konsa: -Beltechaza monchè, pa kite rèv la ak esplikasyon
l' lan boulvèse tèt ou! Beltechaza reponn: -Monwa, mwen
ta swete rèv la ak tout esplikasyon l' lan pa pou ou, men
pou lènmi ou yo, pou moun ki pa vle wè ou yo. 20 Pyebwa
ou te wè ki t'ap grandi, ki t'ap gwosi jouk tèt li rive nan syèl
la kifè dènye moun sou latè te ka wè l' la, 21 pyebwa ki te
gen fèy li yo bèl, ki te chaje donn kont pou tout moun sou
latè te manje, ki te gen bèt nan bwa rete anba lonbray li
ak zwezo ki te fè nich nan tout branch li yo, 22 pyebwa sa
a se ou menm, monwa, ki grandi, ki vin fò. Ou sitèlman
grandi ou rive jouk nan syèl la. Ou chèf sou tout latè. 23
Apre sa, antan wa a t'ap gade, li wè yon zanj Bondye soti
nan syèl la desann, epi ki di: Koupe pyebwa a mete l' atè,
detwi li. Men, kite chouk la nan tè ak tout rasin li yo. Mare
l' ak chenn fèt an fè ak kwiv. Lèfini, kite l' nan mitan zèb
yo. Kite lawouze tonbe sou nonm sa a, kite l' viv ak bèt
nan bwa yo pandan sètan. 24 Bon, koulye a, men sa rèv
la vle di monwa. Men sa Bondye ki anwo nan syèl la di ki
pral rive ou. 25 Yo pral voye ou byen lwen pou ou pa
mache sou moun. Ou pral rete ak bèt nan bwa pandan
sètan. Ou pral manje zèb tankou bèf, ou pral dòmi deyò
pou lawouze bat ou. Apre sa, w'a rekonèt se Bondye nan
syèl la ki kontwole tout chèf sou latè. Se li menm ki bay
moun li vle dwa pou yo gouvènen. 26 Zanj yo te di pou yo
te kite chouk la ak tout rasin li yo nan tè. Sa vle di w'ap
moute wa ankò lè w'a rekonèt se Bondye nan syèl la k'ap
gouvènen sou tout latè. 27 Se poutèt sa, monwa, koute
konsèy m'ap ba ou. Fè sa ki dwat devan Bondye pou
kouvri peche ou yo. Gen pitye pou pòv malere yo pou
kouvri tout mechanste ou yo! Konsa, monwa, w'a ka viv
alèz ak kè poze pou lontan ankò. 28 Tou sa Danyèl te di a
rive wa Nèbikadneza vre. 29 Douz mwa apre sa, wa a
t'ap pwonmennen sou teras palè li a lavil Babilòn, 30 li
di konsa: -Gade jan lavil Babilòn lan vin gran non! Se
mwen menm ki bati l' ak fòs kouraj mwen pou l' sèvi m'
kapital peyi a, pou fè wè jan mwen gen pouvwa, jan mwen
grannèg. 31 Wa a pa t' ankò fèmen bouch li, lè yon vwa
rete nan syèl la, li di: -Wa Nèbikadneza, koute sa m'ap di
ou. Depi jòdi a, yo wete pouvwa a nan men ou. Ou pa wa
ankò. 32 Yo p'ap kite ou mache sou moun. Ou pral rete
ak bèt nan bwa. Ou pral manje zèb tankou bèf pandan
sètan, jouk w'a rekonèt se Bondye nan syèl la ki kontwole
tout chèf sou latè. Se li menm ki bay moun li vle dwa pou
yo gouvènen. 33 Lamenm sa pawòl la te di a rive vre. Yo
mete wa a deyò pou l' pa mache sou moun. Li t'ap manje
zèb tankou bèf. Lawouze tonbe sou tout kò l'. Cheve nan
tèt li pouse tankou plim malfini, zong li yo vin long tankou
grif zwezo. 34 Wa a di ankò: -Apre sètan sa yo, mwen
menm Nèbikadneza, mwen leve je m' mwen gade syèl la.
Bonnanj mwen vin sou mwen. Mwen di Bondye nan syèl
la mèsi, mwen fè lwanj Bondye k'ap viv pou tout tan tout
tan an, mwen rekonèt jan li gen pouvwa. L'ap donminen
pou tout tan. Gouvènman li ap la jouk sa kaba. 35 Li pa
pran moun k'ap viv sou latè yo pou anyen. Li fè sa li vle
ak lame zanj ki nan syèl la, ansanm ak tout moun ki sou
latè. Pesonn pa ka kenbe tèt avè l'. Pesonn pa ka mande
l' kont! 36 Lè bonnanj mwen tounen sou mwen, yo renmèt
mwen pouvwa mwen, otorite mwen ak tout bèl bagay
mwen te genyen. Konseye mwen yo ak chèf k'ap sèvi
mwen yo voye chache m', yo mete m' wa ankò. Mwen vin
gen plis pouvwa pase anvan. 37 Koulye a, mwen menm
Nèbikadneza, m'ap fè fèt pou wa ki nan syèl la, m'ap fè
lwanj pou li, m'ap di jan li gen pouvwa. Tou sa li fè bon. Li
pa fè paspouki pou pesonn. Li konn jan pou l' fè ak moun
ki kite lògèy vire tèt yo. L'ap desann kòlèt yo.

5 Yon jou, wa Bèlchaza bay yon gwo resepsyon pou
mil moun nan gwo zotobre peyi a. Yo t'ap bwè diven
ansanm. 2 Antan yo t'ap bwè konsa, Bèlchaza bay lòd
pou y' al pran gwo gode fèt an lò ak gode fèt an ajan
papa l', Nèbikadneza, te pran nan tanp lavil Jerizalèm lan.
Li te fè chache yo pou l' te bwè ladan yo ansanm ak chèf
li yo, madanm li yo ak fanm kay li yo. 3 Lamenm, yo pote
gode an lò ak gode an ajan yo, epi yo tout yo tanmen bwè
ladan yo. 4 Yo t'ap bwè diven, yo t'ap fè lwanj bondye
pa yo ki fèt an lò, an ajan, an kwiv, an bwa, an fè ak an
wòch. 5 Yo rete konsa, yo wè yon men moun parèt. Li
pran ekri sou miray palè a, kote limyè lanp lan te pi klere
a. Wa a wè bout men ki t'ap ekri a. 6 Li chanje koulè, li
vin pè. Li santi tout kò l' aprale, jenou l' yo pran tranble. 7
Li rele byen fò, li mande pou fè chache tout divinò, tout
moun ki li zetwal ak tout nèg save ki rete lavil Babilòn yo.
Lè yo vini, wa a di yo konsa: -Nenpòt moun ki ka li sa ki
ekri la a, lèfini ki ka fè m' konnen sa li vle di, m'ap mete
gwo manto wouj la sou li, m'ap pase yon chenn an lò
nan kou l'. Apre sa, m'ap ba li twazyèm plas apre m' nan
gouvènman m' lan. 8 Tout nèg save wa yo vanse. Men,
pa t' gen yonn ladan yo ki te ka li sa ki ekri a, ale wè pou
yo ta fè l' konnen sa li vle di. 9 Wa a vin pi pè toujou, figi l'
pèdi koulè. Tout chèf yo menm pa t' konn sa pou yo fè. 10
Larenn lan, manman wa a, tande tout pale fò wa a t'ap fè
ansanm ak chèf li yo. Li antre nan sal resepsyon an. Li
di konsa: -Monwa, mwen mande pou bondye yo ba ou
lavi pou lontan ankò! Ou pa bezwen pèdi tèt ou, ou pa
bezwen pè. 11 Gen yon moun nan peyi ou la ki gen lespri
bondye nan syèl yo nan li. Lè papa ou te la, nèg sa a
te moutre jan li gen anpil lespri, anpil konesans ak anpil
bon konprann sou li tankou bondye yo. Lè sa a, papa ou,
wa Nèbikadneza, te nonmen l' chèf sou tout divinò, tout
majisyen, tout moun ki li zetwal ak tout nèg save yo. 12
Danyèl sa a, papa ou te rele l' Beltechaza. Li te gen yon
gwo lespri nan li, anpil konesans ak anpil konprann kifè li
te konn esplike rèv ak tout bagay moun pa konprann. Li te

jwenn solisyon pou tout pwoblèm. Fè chache Danyèl sa a,
l'a fè ou konnen sa tout bagay sa yo vle di. 13 Yo mennen
Danyèl devan wa a. Wa a di li: -Se ou menm Danyèl,
yonn nan jwif wa Nèbikadneza, papa m', te depòte soti
nan peyi Jida mennen isit la? 14 Mwen tande ou gen
bondye yo avè ou. Ou se yon nonm ki gen anpil lespri,
anpil konesans ak anpil bon konprann. 15 Yo mennen nèg
save ak moun ki li zetwal pou yo li sa ki ekri la a, lèfini
pou yo fè m' konnen sa li vle di. Men yo pa t' kapab. 16
Koulye a, mwen tande ou ka bay esplikasyon pou tout
bagay moun pa konprann, ou jwenn solisyon pou tout
pwoblèm. Si ou ka li sa ki ekri la a, si ou fè m' konnen sa
li vle di, m'ap mete gwo manto wouj la sou ou, m'ap pase
yon chenn an lò nan kou ou. Lèfini, m'ap ba ou twazyèm
plas apre m' nan gouvènman m' lan. 17 Danyèl reponn
wa a: -Ou mèt kenbe kado ou yo pou ou, osinon bay lòt
moun yo. Men tout jan, monwa, m'ap li sa ki ekri a pou ou,
lèfini m'ap fè ou konnen sa li vle di. 18 Monwa, Bondye
ki anwo nan syèl la te fè papa ou, Nèbikadneza, wa. Li
te ba li pouvwa, otorite ak anpil bèl bagay. 19 Bondye
te sitèlman ba li pouvwa, tout pèp, moun tout ras, moun
ki pale tout kalite lang te pè l'. Yo te tranble devan l'. Li
te touye moun li vle, li te kite moun li vle viv. Li moute
moun grad, li desann moun grad jan li vle. 20 Men, li kite
lògèy vire tèt li, li vin mechan anpil, li santi li pa kanmarad
pesonn. Se konsa yo wete l' sou fotèy wa a, li pèdi bèl
plas sa a. 21 Yo mete l' deyò, yo voye l' byen lwen, yo pa
kite l' mache sou moun. Lespri li tounen tankou lespri yon
bèt. Li rete menm kote avèk bourik mawon, li manje zèb
tankou bèf, lawouze bat li kou bèt seren. Lèfini, li rekonèt
se Bondye ki anwo nan syèl la ki kontwole tout chèf sou
latè, se li menm ki bay moun li vle dwa pou yo gouvènen.
22 Men, ou menm Bèlchaza, pitit li, ou pa t' soumèt devan
l', atout ou te konnen tout bagay sa yo. 23 Ou menm tou,
ou kenbe tèt ak Seyè ki nan syèl la, ou fè yo pote veso yo
te pran nan tanp li a ba ou. Epi ou menm, chèf ou yo,
madanm ou yo ak fanm kay ou yo, nou bwè diven ladan
yo. Nou fè lwanj pou bondye fèt an lò, an ajan, an kwiv, an
fè, an bwa, an wòch, bondye ki pa ka wè, ki pa ka tande,
ki pa konn anyen. Men, monwa, Bondye ki kenbe lavi ou
nan men l' lan, li menm ki kontwole tou sa w'ap fè yo, ou
pa fè lwanj li. 24 Se poutèt sa Bondye voye bout men sa
a ekri pawòl sa yo. 25 Men sa ki ekri: Konte. Konte. Peze.
Separe. 26 Men sa sa vle di: Konte: Bondye konte konbe
jou depi ou wa, li pral mete yon bout nan sa. 27 Peze: Li
mete ou nan balans, li jwenn ou manke pèz. 28 Separe:
yo pral separe peyi ki sou lòd ou a bay moun Medi yo ak
moun Pès yo. 29 Lamenm, wa Bèlchaza bay lòd pou yo
mete gwo manto wouj la sou Danyèl, pou yo pase yon
chenn an lò nan kou li, lèfini pou yo fè tout moun konnen
Danyèl se twazyèm chèf apre li nan gouvènman peyi kote
l' wa a. 30 Menm jou lannwit sa a, yo touye Bèlchaza, wa
lavil Babilòn lan. 31 Epi, Dariyis, moun peyi Medi a, pran
pouvwa a. Dariyis te gen swasanndezan sou tèt li lè sa a.

6 Dariyis deside chwazi sanven (120) prefè li mete chèf
nan tout peyi a. 2 Lèfini, li chwazi Danyèl ak de lòt
moun li mete alatèt prefè yo. Reskonsablite yo se te
kontwole travay prefè yo pou yo te ka defann enterè wa a.
3 Danyèl sa a te fè travay li pi byen pase tout lòt gwo chèf
ak prefè yo paske li te gen lespri pase yo. Se konsa wa a
te fè lide mete l' reskonsab tout peyi a. 4 Lè sa a, lòt gwo
chèf yo ansanm ak prefè yo t'ap chache yon okazyon
pou yo antrave Danyèl nan travay leta a. Men, yo pa t'
ka jwenn anyen pou yo repwoche l' sitèlman Danyèl te
yon nonm serye nan tou sa l'ap fè. Li pa t' pote ankenn
neglijans ni pa t' gen ankenn mank nan travay li. 5 Lè sa
a yonn di lòt: -Nou pa ka jwenn anyen ki mal nan travay
Danyèl ap fè a. Ann chache nan jan l'ap sèvi Bondye l'
la. 6 Se konsa yo kouri al jwenn wa a, yo di l' konsa: -
Wa Dariyis, nou mande pou bondye yo ba ou lavi pou
lontan ankò! 7 Tout gwo chèf nan peyi a ansanm ak prefè
yo, gouvènè yo, minis yo ak lòt chèf yo, nou tout, nou
dakò pou wa a pase yon lòd sevè ki mande pou tout
moun lapriyè nan pye wa a ase pandan trant jou. Nenpòt
moun ki ta dezobeyi lòd sa a, epi ki ta lapriyè nan pye yon
bondye osinon yon lòt moun pandan tan sa a, se pou yo
jete l' nan gwo twou lyon yo. 8 Monwa, nou mande ou pou
fè ekri lòd sa a, lèfini pou ou siyen l'. Konsa, dapre lalwa
peyi Medi ak peyi Pès la, yo pa t' ka chanje anyen ladan l',
tout moun fèt pou koube devan l'. 9 Se konsa, wa Dariyis
siyen lòd la. 10 Lè Danyèl vin konnen wa a te siyen lòd
sa a, li al lakay li. Te gen yon chanm anwo sou teras la
ak yon fennèt ki bay nan direksyon lavil Jerizalèm. Li
moute, li mete ajenou devan fennèt la ki te louvri, li lapriyè
Bondye l' jan li te toujou fè, twa fwa pa jou a. 11 Mesye yo
vini, yo wè Danyèl ki t'ap lapriyè nan pye Bondye l' la. 12
Yo tout al jwenn wa a epi yo di l': -Monwa, èske ou pa t'
siyen yon lwa ki te mande pou tout moun lapriyè nan pye
ou ase pandan trant jou? Nenpòt moun yo ta jwenn ap
lapriyè yon bondye osinon yon lòt moun pandan tan sa a,
se pou yo jete l' nan gwo twou lyon an, pa vre? Wa a
reponn: -Lòd la bay dapre lalwa peyi Medi ak peyi Pès la
ki pa ka chanje. 13 Lè sa a, mesye yo di wa a: -Danyèl,
yonn nan moun Jida yo te depòte isit yo, pa okipe ou
menm, monwa. Li pa respekte lòd ou te bay la. Twa fwa
pa jou, l'ap lapriyè lapriyè l'! 14 Lè wa a tande sa, sa te fè
l' lapenn anpil, li di nan kè l' se pou l' sove Danyèl. Jouk
solèy kouche li t'ap chache yon jan pou l' fè kichòy pou
Danyèl. 15 Mesye yo tounen kay wa a ankò, epi yo di l': -
Monwa, pa bliye. Dapre lalwa peyi Medi ak peyi Pès, depi
wa a fin siyen yon lòd, se fini. 16 Se konsa, wa a bay lòd
pou yo pran Danyèl, pou yo jete l' nan gwo twou kote lyon
yo ye a. Li di Danyèl konsa: -Mwen mande pou Bondye
w'ap sèvi san dezanpare a delivre ou! 17 Yo pote yon gwo
wòch. Yo mete l' anwo bouch twou a pou fèmen l'. Lèfini,
yo mete sele sou li, wa a siyen l' ansanm ak lòt chèf yo.
Konsa, pesonn pa ta ka vin sove Danyèl. 18 Apre sa, wa
a tounen nan palè a. Jou swa sa a li pa manje, li pa fè
chache ankenn nan fanm kay li yo. Li pase nwit lan san l'

pa fèmen je l'. **19** Nan maten, lè bajou kase, wa a leve, li
kouri al bò twou lyon an. **20** Lè li rive, li pwoche bò bouch
twou a. Kè l' te sere lè li rele Danyèl, li di: -Danyèl, sèvitè
Bondye vivan an, èske Bondye w'ap sèvi san dezanpare
a te rive delivre ou anba lyon yo? **21** Danyèl pale, li di wa
a: -Se pou Bondye bay monwa lavi pou lontan ankò! **22**
Bondye mwen an voye zanj li, li fèmen bouch lyon yo
pou yo pa fè m' anyen. Li fè sa paske li konnen mwen
inonsan. Epi ou menm tou, monwa, ou konnen m' pa fè
ou anyen ki mal, pa vre? **23** Wa a te kontan anpil. Li bay
lòd pou yo rale Danyèl soti nan twou a mete l' deyò. Lè yo
rale msye soti, yo wè lyon yo pa t' grafiyen l' menm, paske
li te mete konfyans li nan Bondye l'. **24** Lè sa a, wa a bay
lòd pou y' al arete tout moun ki te vin akize Danyèl yo. Li
fè jete yo tout nan gwo twou lyon an ansanm ak madanm
yo ak pitit yo. Yo pa t' ankò rive atè nan twou a, lyon yo te
gen tan vare sou yo, kraze tout zo nan kò yo. **25** Apre
sa, wa Dariyis ekri yon lèt voye bay tout moun sou latè,
moun tout peyi, moun tout ras ki pale tout kalite lang. Li di
yo: -Mwen mande pou nou viv ak anpil kè poze! **26** Men
lòd mwen bay pou tout peyi ki sou zòd mwen: Se pou
tout moun gen krentif pou Bondye Danyèl la. Se pou yo
respekte l'. Se yon Bondye vivan li ye! Se li menm ki chèf
pou tout tan! Gouvènman li p'ap janm tonbe. Pouvwa li
p'ap janm fini. **27** Li sove, li delivre, li fè bèl bagay ak gwo
mirak nan syèl la ak sou latè. Li sove Danyèl, li pa kite
lyon yo devore l'! **28** Zafè Danyèl te mache byen pandan
tout rèy wa Dariyis ak wa Siris, moun peyi Pès la.

7 Nan menm lanne Bèlchaza te moute wa peyi Babilòn,
Danyèl fè yon rèv, li wè yon vizyon antan li t'ap dòmi
sou kabann li. Apre sa, li kouche tou sa li te wè nan rèv la
sou papye. Men sa li te ekri a: **2** -Jou lannwit sa a, mwen
fè yon vizyon. Mwen wè kat gwo van yo t'ap soufle, yo
t'ap boulvèse gwo lanmè a. **3** Kat gwo bèt moute soti nan
lanmè a, yonn pa t' sanble lòt. **4** Premye bèt la te sanble
ak yon lyon, men li te gen de gwo zèl tankou malfini.
Antan m'ap gade l' konsa, yo rache zèl li yo. Yo leve l', yo
fè l' kanpe tankou yon moun sou pa t' dèyè l' yo. Lèfini, yo
fè li gen lespri tankou moun. **5** Dezyèm bèt la te sanble
ak yon lous ki te kanpe panche sou yon bò. Li te gen twa
zo kòt nan bouch li. Yon vwa pale avè l', li di l' konsa: -
Annou wè! Manje vyann mezi ou kapab. **6** Antan m'ap
gade toujou, yon lòt bèt parèt. Li te sanble ak yon leyopa,
men li te gen kat zèl sou do li, tankou zèl zwezo. Li te gen
kat tèt tou. Yo te ba li pouvwa sou tout bagay. **7** Antan
m'ap gade toujou nan vizyon mwen t'ap fè jou lannwit sa
a, yon katriyèm bèt parèt. Li te sovaj anpil. Depi ou gade l'
se pou ou pè. Li te gen anpil fòs avèk gwo dan an fè. Li
t'ap manje tou sa ki tonbe anba bouch li, li kraze yo ak
dan li, li pilonnen rès la anba pye l'. Li pa t' sanble menm
ak twa lòt bèt ki te parèt anvan l' yo. Li te gen dis kòn. **8**
Antan m'ap gade kòn yo konsa, mwen wè yon lòt ti kòn
tou piti k'ap pouse nan mitan yo. Li rache twa nan kòn
ki te la deja yo. Ti kòn sa a te gen je tankou moun ak
yon bouch ki t'ap di tout kalite pawòl awogan pou joure
Bondye. **9** Mwen t'ap gade toujou, mwen wè yo ranje yon
bann fotèy. Yon granmoun ki te la depi nan konmansman
vin chita sou yonn nan fotèy yo. Rad ki te sou li a te blan
kou koton. Cheve nan tèt li te tankou lenn mouton byen
pwòp. Fotèy li a te tankou flanm dife, li te moute sou wou
ki te tankou chabon dife tou limen. **10** Dife t'ap koule soti
nan fotèy la devan li tankou yon larivyè. Te gen mil milye
moun la ki t'ap sèvi l'. Te gen dimil milyon moun kanpe la
devan l'. Tribinal la te pare pou jijman an. Yo louvri liv yo.
11 Antan mwen t'ap gade, mwen tande vwa ti kòn lan ki
t'ap pale byen fò avèk awogans. Antan m'ap gade konsa,
yo touye katriyèm bèt la, yo pran kadav li, yo voye l' nan
dife a, li boule nèt. **12** Yo wete tout otorite nan men lòt bèt
yo, men yo kite yo vivan pou yon ti tan ankò. **13** Nan
menm vizyon mwen t'ap fè lannwit lan, mwen wè yon
fòm ki te sanble ak yon moun. Li t'ap vini sou tèt nwaj
yo nan syèl la. Li pwoche bò granmoun ki te la depi nan
konmansman an. Yo prezante l' ba li. **14** Yo ba li baton
kòmandan an, yo ba li pouvwa ak otorite pou tout pèp sou
latè, pou tout peyi, pou moun tout ras ki pale tout lang
sèvi li. L'ap kòmande pou tout tan. Gouvènman li p'ap
janm fini. **15** Mwen menm Danyèl, lè m' wè tout bagay sa
yo, tèt mwen te boulvèse. Vizyon yo te fè m' pè anpil. **16**
Mwen pwoche bò yonn nan moun ki te kanpe la yo, mwen
mande l' pou l' fè m' konprann tout bagay sa yo. Se konsa
li esplike m' yo. **17** Li di m' konsa: -Kat gwo bèt sa yo, se
kat wa ki gen pou parèt sou latè. **18** Men, moun k'ap viv
pou Bondye ki anwo nan syèl la pral resevwa gouvènman
an nan men yo. Y'ap kenbe l' pou tout tan tout tan. **19**
Apre sa, mwen te vle konnen plis sou katriyèm bèt la ki
pa t' tankou twa premye yo, bèt ki te move anpil la, avèk
dan an fè l' yo ak grif an kwiv li yo, bèt ki t'ap manje tou
sa ki te tonbe anba bouch li, ki t'ap kraze yo ak dan l',
ki t'ap pilonnen rès yo anba pye l'. **20** Mwen te vle plis
esplikasyon sou dis kòn ki te sou tèt li yo ak sou ti kòn ki
te parèt apre a epi ki te fè twa nan lòt kòn yo tonbe. Ti kòn
sa a te gen je tankou moun ak yon bouch ki t'ap di tout
kalite pawòl awogan pou joure Bondye. Li te parèt pi gwo
pase tout lòt yo. **21** Antan m'ap gade konsa, mwen wè ti
kòn lan pran fè lagè ak tout moun k'ap sèvi Bondye yo. Li
fè yo soumèt devan li. **22** Lè sa a, granmoun ki te la depi
nan konmansman an parèt. Li rann jijman an favè moun
k'ap sèvi Bondye ki anwo nan syèl la. Jou a te rive pou
pèp Bondye a te resevwa pouvwa a nan men yo. **23** Men
esplikasyon moun lan te ban mwen: -Katriyèm bèt la, se
katriyèm gouvènman ki pral gen sou latè. Li p'ap tankou
lòt yo. Li pral devore tout moun sou latè, l'ap pilonnen yo
anba pye l', l'ap kraze yo. **24** Dis kòn yo, se dis wa ki
pral alatèt gouvènman sa a. Apre yo, ap gen yon lòt wa
ki p'ap tankou lòt yo. L'ap jete twa nan wa yo. **25** L'ap
pale Bondye ki anwo nan syèl la mal, l'ap malmennen
moun k'ap sèvi Bondye ki anwo nan syèl la. L'ap fè lide
chanje tout fèt ak tout prensip lalwa Bondye a. Pandan
twazan sis mwa, l'ap kenbe pèp Bondye a anba men l'. **26**

Apre sa, tribinal la va reyini pou rann jijman an. L'a wete
pouvwa a nan men l', l'ap kraze l' nèt, li p'ap janm chèf
ankò. 27 Y'ap pran pouvwa, otorite ak gouvènman tout
gwo peyi ki sou latè yo, y'ap bay pèp k'ap sèvi Bondye ki
anwo nan syèl la. Pèp sa a ap gouvènen tankou yon wa
pou tout tan. Tout chèf sou latè pral sèvi li, y'ap obeyi li.
28 Se tou sa li te rakonte m'. Mwen menm Danyèl, mwen
te boulvèse anpil, mwen chanje koulè. Mwen kenbe tout
bagay sa yo nan kè m'.

8 Mwen menm Danyèl, mwen fè yon lòt vizyon ankò
apre premye vizyon sa a. Lè sa a, Bèlchaza t'ap
mache sou twazan depi li te wa. 2 Nan vizyon an, mwen
wè mwen te lavil Souz, kapital la ki nan pwovens Elam
lan. Mwen te kanpe bò larivyè Oulayi. 3 Mwen leve je m'
gade, mwen wè yon belye mouton ki te kanpe bò larivyè
a. Li te gen de kòn byen long ki pa t' pouse menm lè. Sa
ki te pouse apre a te pi long pase premye a. 4 Mwen wè
belye mouton an t'ap bay kout kòn nan direksyon solèy
kouche, nan direksyon nò ak nan direksyon sid. Pat gen
yon bèt ki te ka kenbe tèt avè l'. Ni pa t' gen pesonn pou
wete yo anba pat li. Li t'ap fè sa l' pito. Chak lè, li t'ap vin
pi awogan. 5 Antan mwen t'ap chache konprann sa sa te
vle di, mwen wè yon bouk kabrit k'ap kouri vin soti bò
solèy kouche. Li t'ap kouri sitèlman vit, pye l' pa t' touche
tè. Li te gen yon sèl gwo kòn nan mitan de je l' yo. 6 Li
mache sou belye mouton mwen te wè kanpe bò larivyè a
ak de kòn lan. Li vare sou li ak tout fòs. 7 Mwen wè l'
atake belye mouton an. Li move sou li, li frape l', li kase
de kòn li yo. Belye mouton an pa t' gen fòs pou kenbe tèt
ak li. Bouk kabrit la jete l' atè, li pilonnen l' anba pye l'. Pat
gen pesonn pou wete belye a anba pat bouk kabrit la.
8 Bouk kabrit la konmanse grandi, li vin awogan anpil.
Lè li fin chita pouvwa li byen chita, gwo kòn li an kase.
Kat lòt gwo kòn pouse nan plas premye a, yo chak t'ap
pwente nan direksyon kat gwo van yo. 9 Yon ti kòn pouse
sou yonn nan kòn sa yo. Li grandi, li mache fè lagè ak
moun peyi nan sid la, moun peyi bò solèy leve a ak moun
peyi ki pi bèl pase tout lòt yo. 10 Li grandi toujou, jouk li
rive atake lame ki nan syèl la, zetwal yo menm. Li jete
kèk ladan yo sou latè, li pilonnen yo anba pye l'. 11 Li
grandi, li menm rive atake chèf lame ki nan syèl la, li fè yo
sispann ofri bèt pou touye pou li. Li fè kraze Tanp yo te
mete apa pou li a. 12 Li fè sòlda lame li yo al moute kan
yo kote yo te konn ofri bèt pou touye pou Bondye a. Ti
kòn lan voye bon relijyon Bondye a jete atè, li te rive nan
tou sa l'ap fè. 13 Apre sa, mwen tande yon zanj pale ak
yon lòt zanj, li di li: -Kilè sa yo bay nan vizyon an va rive?
Kilè y'a sispann fè gwo peche sa a nan plas ofrann bèt ki
pou fèt chak jou a? Kilè y'a sispann pilonnen lame ki nan
syèl la ak tanp Bondye a anba pye yo? 14 Lòt zanj lan
reponn: -Se pou nou tann mil sansenkant (1150) jou ankò
pase anvan yo rekonmanse ak ofrann bèt pou Bondye yo.
Se lè sa a Bondye va rebati tanp li a ankò. 15 Mwen t'ap
chache konprann sa vizyon an te vle di, lè mwen rete
konsa mwen wè yon fòm ki te sanble ak yon moun kanpe
devan m'. 16 Mwen tande yon vwa moun ki soti lòt bò
larivyè Oulayi a ki t'ap di: -Gabriyèl! Esplike nonm sa a
vizyon an non! 17 Gabriyèl pwoche bò kote m' te ye a.
Mwen te sitèlman pè mwen tonbe fas atè. Li di m' konsa: -
Nonm o! Konprann byen: Vizyon an fè ou konnen ki jan
sa pral fini sou latè. 18 Pandan li t'ap pale konsa, mwen
pèdi konesans, mwen tonbe fas atè. Men, li ban m' men, li
fè m' kanpe sou pye m' ankò. 19 Epi li di: -M'ap fè ou wè
sa k'ap rive lè kòlè Bondye a va fin pase. Wi, lè pou tout
bagay fini an pral rive. 20 Belye mouton ou te wè ak de
gwo kòn nan tèt li a, se de wa k'ap gouvènen de peyi,
peyi Medi ak peyi Pès. 21 Bouk kabrit la menm se wa
peyi Lagrès la. Gwo kòn ou te wè nan mitan je l' yo se te
premye wa a. 22 Kat kòn ou wè ki te pouse apre premye
kòn lan te kase a, sa vle di gen kat moun ki pral separe
peyi a. Yo chak pral gouvènen bò pa yo. Men, peyi a p'ap
janm gen menm fòs la ankò. 23 Lè ti wa sa yo va rive nan
bout yo, lè y'a fin fè kont peche yo, gen yon wa k'ap parèt,
l'ap san respè pou Bondye, l'ap woule tout moun. 24 L'ap
grandi, l'ap vin fò. Men se pa fòs pa l' menm k'ap sou li.
L'ap fè anpil dega. L'a reyisi nan tou sa l'ap fè. L'a kraze
anpil gwo chèf ansanm ak anpil moun nan pèp Bondye a.
25 L'ap rize anpil. L'a reyisi chak fwa l'ap twonpe moun.
L'ap fè lwanj tèt li. San bay avètisman, l'ap detwi anpil
moun ki t'ap viv ak kè poze. L'ap atake ata pi gwo chèf la,
chèf tout chèf yo. Men li menm, rive yon lè l'ap disparèt,
san se pa ankenn moun ki fè l' anyen. 26 Vizyon ou te fè
pou maten ak aswè yo gen pou rive vre jan yo te esplike
ou li a. Men, pa di anyen sou sa, paske l'ap pran yon bon
ti tan anvan li rive vre. 27 Lè sa a, mwen santi mwen t'ap
faya. Mwen pase kèk jou malad. Apre sa, mwen leve,
m' al fè travay wa a te ban m' fè a. Men, vizyon an t'ap
boulvèse lespri m' toujou, m' pa t' ka konprann li.

9 Lè sa a, wa Dariyis, moun peyi Medi, pitit wa Egzèsès
la, t'ap mache sou ennan depi li t'ap gouvènen peyi
Babilòn. 2 Mwen menm Danyèl, mwen t'ap etidye liv
Bondye yo. Mwen t'ap kalkile sou swasanndizan lavil
Jerizalèm te gen pou l' rete kraze a, jan Seyè a te di l' nan
bouch pwofèt Jeremi an. 3 Mwen leve je m' nan syèl la
pou m' lapriyè Seyè a, Bondye a, ak tout kè m'. Mwen t'ap
kriye nan pye l', mwen te rete san manje, yon rad sak
sou mwen. Mwen te chita sou sann dife. 4 Mwen lapriyè
nan pye Seyè a, Bondye mwen an. Mwen louvri kè m'
ba li, mwen mande l' padon pou pèp mwen an. Mwen
di: -Seyè, Bondye, ou gen gwo pouvwa, tout moun fèt
pou gen krentif pou ou. Ou kenbe pwomès ou, ou pa
janm sispann renmen moun ki renmen ou epi ki kenbe
kòmandman ou yo. 5 Nou peche, nou fè mechanste, nou
fè sa ki mal, nou vire do ba ou, nou pa fè sa ou te mande
nou fè, ni sa ou te ban nou lòd fè. 6 Nou pa t' koute
pwofèt yo, sèvitè ou yo, ki te pale nan non ou ak wa nou
yo, chèf nou yo, zansèt nou yo ak tout pèp nan peyi nou
an. 7 Ou menm, Seyè, tou sa ou fè dwat. Men, nou tout
moun peyi Jida, moun lavil Jerizalèm, tout moun nan pèp
Izrayèl ou te gaye nan peyi pre ak peyi lwen yo, se wont

nou toujou wont sa nou fè, tankou jòdi a, paske nou pa t'
kenbe pawòl nou avè ou. 8 Wi, Seyè, se yon wont pou
nou tout, wa nou yo, chèf nou yo, zansèt nou yo, paske
nou te fè sa ki mal devan ou. 9 Ou menm Seyè, Bondye
nou, ou gen bon kè, ou konn padonnen paske nou menm
nou te vire do ba ou. 10 Nou pa t' koute ou, Seyè Bondye
nou, pou nou te viv dapre lòd ou te ban nou nan bouch
pwofèt yo, sèvitè ou yo. 11 Tout pèp Izrayèl la nèt pa t'
swiv lòd ou. Yo pran chemen kwochi, yo pa koute ou lè ou
te pale yo. Se konsa tout madichon ak tout malè ki te ekri
nan lalwa Moyiz, sèvitè ou la, tonbe sou nou, paske nou
te fè sa ki mal devan ou. 12 Ou te fè tou sa ou te di w'ap
fè nou ansanm ak chèf ki t'ap gouvènen nou yo. Ou voye
yon sèl malè sou lavil Jerizalèm, malè ki patko janm rive
sou latè. 13 Jan sa te ekri nan liv lalwa Moyiz la, tout malè
sa a tonbe sou nou. Men, menm apre sa, nou pa t' chache
fè ou plezi, Seyè Bondye nou. Nou pa t' sispann fè sa ki
mal pou nou te swiv verite ou la. 14 Wi, Seyè Bondye
nou, ou te pare pou pini nou, ou pini nou vre, paske ou
toujou fè sa ki dwat. Se nou ki pa koute lè ou te pale nou.
15 Koulye a, Seyè Bondye nou, ou te fè pèp ou a soti
kite peyi Lejip ak fòs ponyèt ou. Jouk jounen jòdi a y'ap
nonmen non ou pou sa. Men, nou menm nou peche, nou
fè sa ki mal. 16 Seyè, ou te toujou pran defans nou nan
tan lontan. Tanpri, pa fache, pa move sou lavil Jerizalèm
ankò. Se mòn pa ou la, se mòn ki apa pou ou a li ye. Tout
moun k'ap viv nan peyi tou kole ak nou yo ap pase ni lavil
Jerizalèm ni pèp ou a nan betiz, poutèt peche nou yo ak
mechanste zansèt nou yo te fè. 17 O Bondye papa nou!
Tanpri, tande lapriyè sèvitè ou la ap fè nan pye ou. M'ap
mande ou, tanpri souple, voye je ou sou tanp ou a ki fin
kraze, pou tout moun ka konnen se Bondye ou ye. 18 O
Bondye, pare zòrèy ou pou tande nou! Voye je ou wè
jan nou fini! Gade nan ki eta lavil ki pote non ou lan ye!
Se pa paske nou fè anyen ki dwat ki fè n'ap lapriyè nan
pye ou konsa. Men, se paske ou gen bon kè anpil. 19
Seyè, koute nou non! Seyè, padonnen nou! Seyè, louvri
zòrèy ou! Fè kichòy! Pa mize, pou tout moun ka konnen
se Bondye ou ye! Lavil la ansanm ak pèp la se pou ou yo
ye. Se pou yo m'ap lapriyè. 20 Mwen t'ap pale toujou nan
lapriyè a, mwen t'ap rekonèt peche m' yo ak peche pèp
Izrayèl la, pèp mwen an devan Bondye. Mwen t'ap mande
Seyè a, Bondye mwen an, gras mizèrikòd pou mòn ki apa
pou li a. 21 Wi, mwen t'ap pale toujou nan lapriyè a, lè
Gabriyèl, zanj mwen te wè nan premye vizyon an, vole
desann kote mwen te ye a. Se lè yo te konn fè ofrann bèt
aswè a. 22 Li vini, li pale avè m'. Li di m' konsa: -Danyèl,
koulye a mwen vin la a pou m' ede ou konprann mesaj la.
23 Depi lè ou te fèk konmanse ap lapriyè nan pye Bondye
a, li te gen tan reponn ou. Se mesaj sa a mwen vin fè ou
konnen. Ou se yon moun Bondye renmen anpil. Koulye
a, louvri zòrèy ou pou ou ka konprann sans vizyon an
byen. 24 Sèt fwa swasanndizan an, se tan sa a Bondye
fikse pou l' delivre pèp li a ansanm ak lavil ki apa pou
li a anba peche ak mechanste. Lè lè sa a va rive, l'ap
padonnen tout peche. Tout moun pral mache dwat pou
tout tan. Konsa, tou sa yo te anonse nan vizyon an ak
nan mesaj pwofèt la va rive. Yo pral mete lotèl la apa pou
Bondye ankò. 25 Konprann sa byen, louvri zòrèy ou. Depi
lè yo te bay lòd pou yo te rebati Jerizalèm lan jouk lè chèf
Bondye chwazi a va vini an, sèt fwa sètan pral pase. Yo
pral rebati Jerizalèm avèk wout li yo ak miray ranpa li
yo. Lavil la pral kanpe pou sèt fwa swasanndezan, men
pandan tout tan sa a, moun pral anba anpil tray. 26 Apre
sèt fwa swasanndezan sa yo, yo pral touye chèf Bondye
te chwazi a san rezon. Yon lòt chèf ap vini sot byen lwen,
l'ap detwi lavil la ansanm ak Tanp lan. Tout bagay pral
rete konsa, y'ap fini tankou lè gwo dlo desann. Lè sa a,
pral gen lagè ak ravaj jan Bondye te pare l' la. 27 Chèf sa
a pral siyen yon kontra solid avèk anpil lòt pèp pandan
sètan. Men, sou twazan sis mwa l'ap fè yo sispann touye
bèt ak fè ofrann pou Bondye. Yo pral mete bagay nou pa
ta renmen wè a, bagay k'ap bay gwo lapenn lan chita
byen wo nan Tanp lan. L'ap rete la jouk moun ki va mete l'
la a va kontre ak bout li, jan Bondye pare sa pou li a.

10 Siris t'ap mache sou twazan depi l' te wa nan peyi
Pès lè Bondye fè Danyèl, ki te rele Beltechaza tou,
konnen yon mesaj. Se te bon koze sou gwo batay ki
gen pou fèt la. Se nan yon vizyon yo te fè l' konprann
mesaj la. 2 Lè sa a, mwen menm Danyèl, mwen pase twa
senmenn nan gwo lapenn. 3 Mwen pa t' manje ankenn
bon ti manje, ni ankenn vyann. Mwen pa t' mete yon gout
diven nan bouch moun. Mwen pa t' pase lwil santi bon sou
mwen pandan twa senmenn sa yo. 4 Sou vennkatriyèm
jou premye mwa a nan lanne a, mwen te kanpe bò gwo
larivyè Lefrat la. 5 Mwen leve je m', mwen wè yon moun
ki te gen rad swa sou li ak yon sentiwon fèt ak bon lò
mare nan ren l'. 6 Kò l' te klere tankou yon wòch poli. Figi
l' te tankou zèklè. Je l' yo te klere tankou de moso chabon
dife. Bra l' ak janm li yo te tankou kwiv yo te poli. Lè l'
pale menm, se tankou si se te yon foul moun ki t'ap pale
ansanm. 7 Se mwen menm sèlman ki te wè vizyon an.
Lòt moun ki te avè m' yo pa t' wè anyen. Men yo te pè, yo
te kouri al kache. 8 Mwen menm, mwen te rete la pou
kont mwen. Mwen t'ap gade gwo vizyon an. Mwen santi
m' pa t' gen fòs menm, figi m' te dekonpoze. Pa gen moun
ki ta ka rekonèt mwen. 9 Lè m' tande vwa li menm, mwen
tonbe fas atè, mwen pèdi konesans. 10 Apre sa, mwen
santi yon men manyen m', li fè m' leve sou pla men m'
ak sou jenou m'. M' t'ap tranble toujou. 11 Zanj lan di m'
konsa: -Danyèl, ou se yon moun Bondye renmen anpil.
Kanpe non! Louvri zòrèy ou pou ou tande sa mwen pral di
ou. Se Bondye ki voye m' kote ou. Lè li fin di m' sa, mwen
leve kanpe, men m' t'ap tranble toujou. 12 Li di m' konsa:
-Ou pa bezwen pè, Danyèl. Bondye te tande lapriyè ou la
depi premye jou ou te pran desizyon soumèt ou devan
Bondye ou pou ou te ka rive gen bon konprann. Se poutèt
lapriyè ou la mwen vin ba ou repons Bondye a. 13 Zanj
chèf peyi Pès la te kenbe tèt avè m' pandan venteyen jou.
Apre sa, Michèl, yonn nan chèf zanj Bondye yo, vin pote

m' sekou paske mwen te pou kont mwen nan peyi Pès la.
14 Mwen vin fè ou konprann sa ki pral rive pèp ou a nan
jou k'ap vini yo. Vizyon an fè ou wè sa ki pral rive jou sa
yo. 15 Lè li di m' sa, m' bese je m' gade atè san m' pa di
anyen. 16 Lè sa a, zanj ki te gen fòm yon moun lan lonje
men l', li manyen po bouch mwen. Mwen louvri bouch
mwen pale, mwen di zanj ki te kanpe devan m' lan: -Mèt,
vizyon an fè m' pè, m' pèdi tout fòs mwen, kè m' sere! 17
Se moun k'ap sèvi ou mwen ye, mèt. Ki jan mwen ka pale
ak ou? M' pa gen fòs ankò, m' pèdi souf mwen. 18 Zanj ki
te gen fòm moun lan manyen m' ankò yo dezyèm fwa.
Mwen santi m' refè. 19 Epi li di m': -Ou pa bezwen pè. Ou
se yon moun Bondye renmen anpil. Pa kite anyen fatige
lespri ou, ni fè ou pèdi kouraj ou! Lè li di m' sa, mwen
santi mwen vin gen plis fòs. Mwen di li: -Mèt, ou fè m' vin
gen fòs. Di m' sa ou gen pou di m' lan non! 20 Lè sa a, li
di m': -Ou konnen poukisa mwen vin bò kote ou la? Se
pou m' te ka fè ou konnen sa ki te ekri nan liv verite a.
Koulye a, mwen gen pou m' al goumen ak zanj chèf peyi
Pès la. Apre sa, zanj chèf peyi Lagrès la va parèt. 21 Pa
gen lòt moun pou vin ede m' pase Michèl, zanj chèf pèp
Izrayèl la.

11 Mwen menm tou mwen te kanpe ak li pou ede l',
pou soutni l' nan premye lanne rèy wa Dariyis la. 2
Koulye a, mwen pral fè ou konnen verite a. Zanj lan di m'
ankò: -Gen twa lòt wa ki gen pou gouvènen peyi Pès la
ankò, yonn apre lòt. Apre sa, ap gen yon katriyèm wa k'ap
pi rich pase tout lòt yo. Avèk richès li, l'ap chita pouvwa li
byen chita, epi li pral atake gouvènman peyi Lagrès la. 3
Lè sa a, yon wa vanyan gason va parèt. Li pral gouvènen
yon gwo gwo peyi. Epi l'ap fè sa li vle. 4 Men, lè l'a fin
chita pouvwa li byen chita, gwo peyi l'ap gouvènen an
pral separe fè kat pòsyon. Men, se p'ap pitit li yo ki pral
gouvènen nan plas li. Se va kat lòt moun. Men, yo p'ap
gen pouvwa li menm li te genyen an. 5 Wa peyi Lejip la
pral vin fò anpil. Men, yonn nan jeneral lame li yo pral pi
fò pase l'. Li pral gouvènen yon peyi ki pi gran pase pa l'
la toujou. 6 Apre kèk lanne, wa peyi Lejip la pral siyen
kontra ak wa peyi Siri a. Pitit fi wa peyi Lejip la pral marye
ak wa peyi Siri a pou kontra a ka kenbe. Men, kontra a
p'ap rete lontan, paske yo pral touye ni li, ni mari l', ni pitit
li, ni moun li te mennen avè l' lè sa a. 7 Kèk tan apre sa,
yonn nan fanmi l' yo va moute wa. Li pral atake lame wa
peyi Siri a. L'ap antre nan sitadèl wa a, l'ap goumen avè l'.
L'ap soti pi fò pase l'. 8 L'ap pran tout bondye moun yo ak
estati an fè yo, ansanm ak tout veso fèt an ajan ak an lò
yo te gen pou fè sèvis zidòl yo, l'ap pote yo desann nan
peyi Lejip. Pandan kèk tan l'ap rete sou sa l' te fè a, li
p'ap pwoche bò peyi Siri a. 9 Wa peyi Siri a pral atake
peyi Lejip. Men, l'ap blije kase tèt tounen lakay li. 10 Pitit
gason wa peyi Siri a pral pare pou y' al goumen. Y'ap
sanble yon gwo lame ak anpil sòlda. Yonn ladan yo pral
parèt tankou yon gwo larivyè k'ap desann. L'ap travèse
fwontyè a, l'ap atake yon fò lènmi epi l'ap kouri tounen
lakay yo. 11 Wa peyi Lejip la pral fache. Li pral leve yon
gwo lame pou li al goumen ak wa peyi Siri a, l'ap fè tout
sòlda lame wa peyi Siri a prizonye. 12 L'ap kraze gwo
lame wa Siri a. Li pral gonfle lestonmak li, l'ap fè touye
anpil sòlda. Men, apre sa, l'ap pèdi fòs li. 13 Wa peyi Siri
a ap tounen ankò, l'ap sanble yon lame pi gwo pase sa l'
te gen anvan an. Apre kèk lanne, l'ap parèt ak yon gwo
lame ak anpil zam. 14 Lè sa a, anpil pèp pral leve kont
wa peyi Lejip la. Danyèl, jan ou te wè l' nan vizyon an, kèk
lwijanboje nan moun peyi ou la pral leve kont wa a tou,
men y'ap kraze yo. 15 Se konsa, wa peyi Siri a pral sènen
yon lavil ki gen gwo ranpa. L'ap pran l'. Sòlda lame peyi
Lejip yo p'ap ka kenbe tèt avè l'. Menm pi bon nan sòlda
yo p'ap gen fòs ankò pou kenbe. 16 Lame peyi Siri a pral
fè sa li vle ak peyi Lejip. Pesonn p'ap ka kenbe tèt avè l'.
L'ap rete kèk tan nan pi bèl peyi ki sou latè a. L'ap detwi
tou sa ki tonbe anba men l'. 17 Wa Siri a ap mete nan
tèt li pou l' pran tout peyi lòt wa a pou li. L'ap siyen yon
kontra avè l'. Pou l' ka pran l' pi byen, l'ap ba li pitit fi li a
pou madanm. Men, plan an p'ap pran, sa p'ap mache.
18 Lèfini, l'ap pase nan lanmè, l'ap atake lòt nasyon sou
zile yo. L'ap pran anpil ladan yo. Men, yonn nan chèf lòt
nasyon yo pral rete l' sou kous li. L'ap fè l' sispann fè
awogan. L'ap fè awogans wa a tounen sou tèt wa a ankò.
19 Wa a ap tounen nan fò ki nan peyi pa l' yo. Men, wè pa
wè, y'ap kraze l', y'ap fini nèt avè l', l'ap disparèt. 20 Apre
li, ap gen yon lòt wa k'ap voye yon chèf pou peze pèp la.
L'ap egzije pèp la peye taks pou yo plen kès wa a. Anvan
lontan y'ap touye wa a, men se p'ap bagay k'ap rive ni an
piblik ni nan lagè. 21 Zanj lan t'ap pale toujou. Li di: -
Wa k'ap parèt apre sa a pral yon vòryen ki pa t' gen dwa
pou l' te nan plas la. Men, l'ap vini tou dousman, l'ap fè
mannigèt, l'ap pran pouvwa a. 22 Tout moun ki konprann
pou yo kenbe tèt ak li, l'ap kraze yo, l'ap disparèt yo. L'ap
disparèt ata chèf kontra a. 23 L'ap siyen kontra ak lòt
nasyon yo, men se pou l' ka twonpe yo pi byen. Atout peyi
l' la tou piti, chak jou l'ap vin pi fò. 24 San bay ankenn
avètisman, l'ap anvayi yon pwovens ki rich anpil, l'ap fè
bagay ni papa l', ni pesonn nan zansèt li yo pa t' janm
fè. Lèfini, l'ap pran tout byen, tout richès li te piye lakay
moun yo, l'ap separe yo bay moun pa l' yo. L'ap fè plan
pou l' atake gwo fò yo, men li p'ap gen tan fè sa. 25 L'ap
leve, l'ap pare yon gwo lame pou l' atake peyi Lejip. Wa
Lejip la menm ap pare yon gwo lame tou ak anpil zam
pou koresponn ak li. Men, l'ap pèdi batay la paske y'ap fè
move konplo sou do l'. 26 Zanmi ki t'ap manje sou menm
tab avè l' yo ap fè yo fini avè l'. Anpil nan sòlda li yo pral
mouri. Y'ap kraze lame li a. 27 Apre sa, de wa yo pral
chita manje ansanm sou menm tab, men tou de pral gen
move lide dèyè tèt yo, yonn ap bay lòt manti. Yo yonn
yo p'ap jwenn sa yo bezwen an, paske lè a p'ap ko rive.
28 Wa peyi Siri a ap tounen nan peyi l' ak anpil richès
l'ap piye nan peyi Lejip. Apre lagè a, l'ap soti pou l' kraze
relijyon pèp Bondye a. L'ap fè sa li te gen lide fè a. Lèfini,
l'ap tounen tounen l' nan peyi l'. 29 Kèk tan apre sa, l'ap

tounen desann nan peyi Lejip ankò. Men, fwa sa a, sa
p'ap pase tankou premye fwa a. 30 Moun Kitim yo ap vin
nan batiman yo, y'ap rete l' sou kous li, l'ap dekouraje. Lè
l'ap tounen. l'ap fin debòde sou moun k'ap sèvi dapre
kontra Bondye te siyen avèk yo a. Men, l'ap fè pa moun
ki vire do bay kontra a. 31 L'ap voye sòlda nan lame li
yo vin fè mete Tanp lan nan kondisyon pou moun pa ka
sèvi Bondye ladan l' ankò. Y'ap aboli ofrann bèt yo te
konn fè chak jou a, y'ap mete sa nou pa ta renmen wè a,
bagay k'ap bay gwo lapenn lan chita byen wo nan Tanp
lan. 32 Wa a ap fè moun ki te deja vire do yo bay kontra
Bondye a pran pozisyon pou li, l'ap pran tèt yo ak bèl
pawòl. Men, moun k'ap sèvi Bondye yo ap kanpe fèm,
y'ap kenbe tèt avè l'. 33 Chèf ki gen bon konprann yo va
separe konesans yo ak pèp la. Men, pandan kèk tan yo
pral pèsekite yo, y'ap touye yo nan batay. Yo pral boule yo
nan dife jouk yo mouri. Y'ap depòte yo, y'ap piye tout zafè
yo. 34 Pandan tout pèsekisyon sa a, pèp Bondye a va
resevwa yon ti konkou. Men, anpil moun ap vin mete tèt
ansanm ak yo pou defann pwòp enterè pa yo. 35 Nan
chèf ki gen konesans yo genyen k'ap mouri. Men, avèk
lafliksyon sa a, pèp la va netwaye, l'a lave, l'a blanchi.
Sa pral pase konsa jouk lè a va rive pou sa fini nan dat
Bondye te fikse a. 36 Wa peyi Siri a va fè sa li vle. Li pral
gonfle lestonmak li, li pral mache di jan li pi gran pase tout
bondye. L'ap di yon bann vye koze sou Bondye ki anwo
tout bondye yo. L'ap fè sa konsa jouk lè pou Bondye pini l'
lan va rive. Paske, tou sa Bondye te di ki pou fèt la gen
pou fèt. 37 Wa a p'ap konnen bondye zansèt li yo, li p'ap
konnen bondye medam yo renmen sèvi a, li p'ap konn
ankenn lòt bondye. Se tèt pa l' ase l'ap konnen. Pou li, li pi
gran pase yo tout. 38 Nan plas yo, l'ap pito sèvi bondye ki
pwoteje fò yo, yon bondye zansèt li yo pa t' janm konnen.
L'ap ofri lò, ajan, bèl pyè bijou ak lòt bagay ki koute chè ba
li. 39 Pou defann fò li yo, l'ap pran moun ki sèvi lòt bondye
pou sèvi sòlda. Depi yon moun rekonèt li pou wa, l'ap fè
bèl bagay pou li, l'ap mete l' chèf sou anpil moun, l'ap ba
li tè pou rekonpans. 40 Lè tan wa Siri a pral bout, wa
Lejip la pral atake l'. Wa Siri a pral vare sou li tankou yon
van siklòn, li pral mache sou li ak tout cha lagè li yo, tout
kavalye l' yo ak anpil batiman. L'ap anvayi anpil peyi, l'ap
tankou yon gwo larivyè k'ap desann. 41 L'ap anvayi pi bèl
peyi ki sou latè a, l'ap touye yon pakèt moun. Men, moun
peyi Edon, moun peyi Moab ak rès moun peyi Amon yo
va chape anba men l'. 42 Wi, l'ap anvayi tout peyi yo. Ata
peyi Lejip p'ap chape. 43 L'ap pran tout richès peyi Lejip
la pou li: lò, ajan ak tout bèl bagay ki koute chè yo. L'ap fè
moun Libi yo ak moun Letiopi yo bat ba devan li. 44 Men,
l'ap vin tande nouvèl k'ap kouri soti nan nò ak bò solèy
leve. L'ap pè, l'ap kase tèt tounen. L'ap debòde, l'ap kraze
brize, l'ap masakre anpil moun. 45 L'ap moute gwo tant li
a ant lanmè a ak mòn kote tanp Bondye a kanpe a. Men,
l'ap mouri, p'ap gen pesonn pou pote l' sekou.

12 Zanj ki te gen rad swa sou li a, di ankò: -Lè sa a,
Michèl, gwo zanj k'ap veye sou pèp ou a, ap parèt.
Se pral yon tan kè sere moun poko janm wè depi yo sou
latè. Lè lè a va rive, tout moun ki fè pati pèp ou a epi
ki gen non yo ekri nan liv Bondye a, va sove. 2 Anpil
nan moun ki te mouri deja yo pral leve vivan ankò. Gen
ladan yo ki pral jwi lavi ki p'ap janm fini an. Gen lòt ki
pral wont, yo pral soufri avilisman ki p'ap janm fini an. 3
Moun ki gen lespri yo pral klere tankou limyè nan syèl la.
Moun ki te moutre jan pou moun mache dwat yo va klere
tankou zetwal pou tout tan tout tan. 4 Li di m' ankò: -Bon.
Koulye a, Danyèl, fèmen liv la. Sele l' byen sele jouk lè a
va rive pou tout bagay fini. Anpil moun pral bat kò yo pou
yo konprann sa k'ap pase. Lè sa a, plis konesans pral
gaye toupatou sou latè. 5 Mwen gade, mwen wè de lòt
moun ki te kanpe bò larivyè a, yonn sou bò dwat, yonn
sou bò gòch. 6 Yonn ladan yo pale ak zanj ki te pi wo a,
nan direksyon tèt dlo a, zanj ki te gen rad swa sou li a,
li mande l': -Konbe tan ankò anvan pou gwo bagay sa
yo rive? 7 Zanj lan leve bra l' anlè nan syèl la, mwen
tande li fè yon gwo sèman nan non Bondye vivan an, li di
konsa: -Nan twazan si mwa, lè y'a fin kraze tout fòs pèp
Bondye a, tout bagay sa yo va rive. 8 Mwen tande sa l' te
di a, men mwen pa t' konprann. Konsa, mwen mande l': -
Men, mèt, ki jan sa ap fini menm? 9 Li reponn mwen: -
Danyèl monchè, ou mèt al fè wout ou, paske koze sa a
fèt pou rete kache epi byen sele, jouk lè a va rive pou
sa fini. 10 Lè sa a, anpil moun pral pase anba soufrans
yo te anonse a. Y'ap soti netwaye, lave, blanchi. Moun
k'ap fè mechanste yo menm p'ap konprann anyen, y'ap
toujou rete ap fè mechanste yo. Men, moun ki gen lespri
ap konprann. 11 Si ou konte depi lè yo va aboli ofrann
bèt ki pou fèt chak jou a, pou yo mete bagay nou pa ta
renmen wè a, bagay k'ap bay gwo lapenn lan, kanpe nan
Tanp lan, w'ap jwenn mil desankatrevendis (1290) jou ki
gen pou pase. 12 Ala bon sa pral bon pou moun ki va
kenbe fèm jouk mil twasantrannsenk (1.335) jou sa yo
va fin pase! 13 Ou menm, Danyèl, kenbe fèm jouk sa
kaba. Apre sa, w'a mouri. Men, w'a leve vivan ankò pou
resevwa rekonpans ou lè tout bagay va fini!

Oze

1 Men mesaj Seyè a te bay Oze, pitit Beeri, nan tan
Ozyas, Jotam, Akaz ak Ezekyas te wa, yonn apre
lòt, nan peyi Jida. Lè sa a, se Jewoboram, pitit Joas, ki
te wa nan peyi Izrayèl. **2** Premye fwa Seyè a t'ap bay
Oze mesaj pou pèp Izrayèl la, li di l' konsa: -Leve non! Al
marye ak yon fanm jennès nan san ki pral twonpe ou.
Kanta pou pitit w'ap gen avè l' yo, y'ap gen menm san
jennès la tou. Se konsa pèp la vire do ban mwen. Yo pa
kenbe pawòl yo te gen avè m'. **3** Se konsa, Oze leve, li
al marye ak Gomè, pitit fi Diblayim. Gomè vin ansent, li
fè yon pitit gason. **4** Seyè a di Oze konsa: -W'a rele l'
Jizreyèl paske talè konsa, mwen pral pini wa Izrayèl la
pou krim Jeou, zansèt li a, te fè lavil Jizreyèl. Mwen pral
wete gouvènman an nan men moun ras Izrayèl yo. **5**
Jou sa a, m'ap kraze tout zam pèp Izrayèl yo nan Fon
Jizreyèl la. **6** Gomè vin ansent ankò. Li fè yon pitit fi. Lè
sa a, Seyè a di Oze konsa: -W'a rele l' Lowouchama,
paske m'ap san pitye pou moun Izrayèl yo ankò. p'ap gen
padon pou yo. **7** Men, m'ap gen pitye pou moun peyi
Jida yo. Mwen menm, Seyè a, Bondye yo a, m'ap delivre
yo. Men, mwen p'ap fè l' ni avèk flèch, ni avèk nepe, ni
nan goumen, ni avèk chwal ak kavalye. **8** Apre Gomè
fin sevre Lowouchama, li vin ansent ankò. Li fè yon pitit
gason. **9** Lè sa a, Seyè a di Oze: -W'ap rele l' Lorami,
paske moun peyi Izrayèl yo pa moun pa m' ankò. Mwen
menm, mwen pa Bondye yo ankò. **10** Moun pèp Izrayèl
yo va tankou sab bò lanmè: moun p'ap ka ni konte yo, ni
konnen kantite ki va genyen. Si koulye a Bondye ap di:
Nou pa moun pa m' ankò, yon jou l'a di yo: Nou se pitit
Bondye vivan an. **11** Moun peyi Jida ak moun peyi Izrayèl
va mete tèt yo ansanm ankò. Y'a chwazi yon sèl chèf pou
mache alatèt yo. Y'a grandi. Zafè yo va mache nan peyi
a. Wi, jou Jizreyèl la pral yon gwo jou.

2 Se konsa n'a rele frè nou yo moun Bondye. N'a rele sè
nou yo moun Bondye gen pitye pou yo. **2** Pitit mwen
yo, pale ak manman nou. Paske li pa madanm mwen
ankò. Mwen pa mari l' non plis. Pale avè l' pou l' sispann
sèvi tankou jennès, pou l' wete nan kòsaj li bann zidòl li
renmen anpil yo. **3** Si li pa fè sa, m'ap dezabiye l' nèt, pou
l' rete toutouni jan manman l' te fè l'. M'ap fè l' tounen
tankou tè sèk ki pa jwenn lapli. M'ap fè l' mouri swaf dlo.
4 Mwen p'ap gen pitye pou pitit li yo non plis. Paske yo se
pitit yon fanm ki nan jennès. **5** Manman yo lage kò l' nan
fè jennès. Wi, li menm ki te pote yo nan vant li, li avili tèt
li, paske l'ap di: mwen pral jwenn nonm mwen yo. Yo ban
m' tou sa m' bezwen. Yo ban m' manje, yo ban m' bwè. Yo
ban m' twal lenn ak twal fen. Yo ban m' lwil oliv, yo ban m'
diven pou m' bwè. **6** Se poutèt sa mwen pral fèmen l'
nan mitan yon lantouraj pikan. Mwen pral moute yon gwo
miray fè wonn li. Konsa li p'ap ka mete pye l' deyò. **7** L'a
chache mwayen pou li al kouri dèyè nonm li yo, men li
p'ap ka rive jwenn yo. L'a chache yo toupatou, men li p'ap
jwenn yo. Lè sa a, l'a di: M'ap tounen vin jwenn premye
mari mwen an, paske avè l' zafè m' te pi bon pase koulye
a. **8** Pèp Izrayèl la pa t' rekonèt se mwen menm ki te ba li
farin, diven ak lwil. Ata lò ak ajan, se mwen ki te ba li
yo an kantite. Men, li pran yo pou fè sèvis Baal. **9** Se
poutèt sa, lè sezon rekòt la rive, m'ap reprann farin ak
diven mwen te ba li a. M'ap reprann twal lenn ak twal
fin mwen te ba li pou fè rad met sou li. **10** M'ap kite l'
toutouni devan tout nonm li yo. Pesonn p'ap ka vin sove
l' anba men mwen. **11** Mwen pral fè l' sispann gen kè
kontan. Mwen pral sispann tout fèt li yo, fèt lalin nouvèl li
yo, fèt repo l' yo ak gwo fèt li fete chak lanne yo. **12** Kanta
jaden rezen ak pye fig frans li yo, li di se nonm li yo ki te
ba li yo. Enben, m'ap ravaje sa. M'ap fè yo tounen raje,
bèt nan bwa va devore yo. **13** Mwen pral pini l' pou tout
tan li te bliye m' lan, lè li t'ap boule lansan devan Baal
yo, lè li t'ap mete zanno ak kolye pou l' te ka kouri dèyè
nonm li yo. Se Seyè a menm ki di sa. **14** Se poutèt sa,
mwen pral mennen l' nan dezè a ankò. Mwen pral pale
dous avè l', pou l' ka tounen vin jwenn mwen. **15** M'a ba li
jaden rezen li te gen anvan yo. M'a fè sa ki te rive l' nan
Fon Malè a tounen yon okazyon pou l' jwenn sa li t'ap
tann lan. L'a reponn mwen menm jan li te fè l' lè li te jenn
lan, lè l' te chape anba men moun peyi Lejip yo. **16** Jou
sa a, l'a rele m' mari l', li p'ap rele m' Baal li ankò. Se
mwen menm, Seyè a, k'ap di sa. **17** Mwen p'ap janm
kite non Baal yo soti nan bouch li, li p'ap janm nonmen
non yo ankò. **18** Lè sa a, m'a pase yon kontra avèk tout
zannimo nan savann ak tout zwazo k'ap vole nan syèl la
ak tout bèt k'ap trennen sou vant pou yo pa fè pèp la
anyen. M'ap kraze banza ak nepe pou yo pa fè lagè ankò
nan peyi a, pou moun ka kouche dòmi ak kè poze san
danje. **19** Izrayèl, m'ap pran angajman pou m' viv avè ou
pou tout tan, m'ap toujou respekte ou, m'ap toujou kenbe
pawòl mwen avè ou. M'ap toujou renmen ou, m'ap toujou
gen pitye pou ou. **20** M'ap kenbe pwomès mwen, w'ap
pou mwen nèt. Konsa, w'a konnen ki moun mwen menm,
Seyè a, mwen ye. **21** Jou sa a, m'a reponn lapriyè tout
moun. Se Seyè a menm ki di sa. M'ap fè lapli soti nan
syèl tonbe sou latè. **22** Tè a va bay manje, diven ak lwil.
Se konsa m'a reponn lapriyè moun Jizreyèl yo. **23** M'ap fè
yo peple nan peyi a. M'a gen pitye pou moun mwen te
meprize yo. M'a pale ak moun ki pa moun pa m' yo, m'a di
yo: Se pèp mwen nou ye. Yo menm, y'a reponn: Wi, se
Bondye nou ou ye.

3 Seyè a pale ak mwen ankò, li di m' konsa: -Ale non,
Oze! Al renmen yon fanm k'ap fè adiltè sou mari l'
ak yon lòt gason. Se pou ou renmen l' menm jan mwen
menm, Seyè a, mwen renmen pèp Izrayèl la, atout l'ap
vire do ban mwen al jwenn lòt bondye, atout li renmen
ofri gato rezen ba yo. **2** Se konsa, m' al achte yon fanm
k'ap fè adiltè, mwen peye kenz pyès ajan ak sèt barik lòj
pou li. **3** Mwen di l'. -Ou pral rete avè m' atò, machè! Ou
pral sispann lage kò ou nan dezòd. Ou pa pral kouche ak
ankenn gason. Mwen menm tou, mwen p'ap nan kouche

avè ou. 4 Konsa tou, moun Izrayèl yo pral rete pase kèk
tan san wa, san chèf, san fè ofrann bèt, san wòch lotèl,
san plastwon pou prèt yo. 5 Apre sa, moun Izrayèl yo va
tounen sou sa yo te fè a. Seyè a, Bondye yo a, va fè yo
chache l', y'a tounen vin jwenn David, wa yo a. Y'a gen
krentif pou Seyè a. Apre sa, y'a toujou resevwa favè l'.

4 Seyè a gen yon pwose l'ap mennen ak moun k'ap viv
nan peyi a. Nou menm, pitit Izrayèl yo, koute sa Seyè
a ap di: -Nan peyi a, bonjou moun pa laverite. Yo pa gen
bon kè ankò. Pa gen moun ki konn Bondye ankò nan peyi
a. 2 Se fè sèman pou gremesi, se bay manti. Se touye
moun, se vòlò, se fè adiltè. Y'ap kraze gason, se krim sou
krim. 3 Se poutèt sa, peyi a pral nan lapenn. Tout moun
nan peyi a pral deperi. Tout zannimo nan savann, tout
zwazo k'ap vole nan syèl, tout pwason nan lanmè pral
mouri. 4 Seyè a di: Piga pesonn louvri bouch yo di yon
mo! Piga pesonn kritike anyen! Se nou menm prèt yo,
m'ap akize koulye a. 5 Gwo lajounen, n'ap fè sa nou pa t'
dwe fè. Lannwit menm, ata pwofèt yo ap fè tankou nou.
Se fini m'ap fini ak pèp la ki tankou yon manman sitirèz
pou nou. 6 Pèp mwen an ap fini, paske li pa konnen
mwen. Prèt yo voye tou sa mwen te moutre yo jete. Se
konsa, mwen menm tou, mwen p'ap rekonèt yo pou prèt
mwen ankò. Yo voye tou sa mwen menm, Bondye yo a,
mwen te moutre yo a jete. Mwen menm tou, m'ap voye
pitit yo jete. 7 Plis nou gen prèt, se plis n'ap fè sa ki mal
devan je m'. Se poutèt sa, kote pou yo ta respekte nou
an, se la y'ap fè nou wont. 8 Plis pèp la plonje nan fè
peche, se plis n'ap vin pi rich. Se konsa nou ta renmen
wè pèp la fè peche plis toujou. 9 Sa k'ap rive pèp la, se
sa k'ap rive nou tou, nou menm prèt yo. M'ap regle nou
pou tout move mès nou yo. M'ap fè nou peye tou sa nou
fè ki mal. 10 N'a manje sa ki pou nou nan bèt nou ofri yo,
men n'a rete grangou toujou. N'ap fè sèvis pou zidòl yo
pretann di k'ap bay pitit, men n'a rete san fè pitit. Tou
sa, paske nou vire do bay Seyè a pou nou kouri dèyè lòt
bondye. 11 Seyè a di: -Nan sèvi lòt bondye, fanm, diven
ak bweson fè pèp la pèdi tèt li. 12 Se yon moso bwa y' al
mande sa pou yo fè! Se yon bout bwa ki pou di yo sa yo
bezwen konnen! Yo tankou yon fanm marye ki lage kò l'
nan fè jennès, yo pèdi tèt yo. Y'ap kouri dèyè lòt bondye,
y'ap twonpe Seyè a! 13 Yo moute sou tèt mòn yo al ofri
bèt pou touye. Y' al boule lansan sou ti mòn yo, anba pye
bwadchenn, anba pye sikren ak pye mapou, kote ki gen
bon lonbraj! Se poutèt sa, pitit fi yo ap lage kò yo nan
jennès, bèlfi yo ap fè adiltè. 14 Non. Mwen p'ap pini ni
pitit fi nou yo, ni bèlfi nou yo pou sa y'ap fè a, paske se
nou menm gason k'ap fèmen kò nou apa ak medam k'ap
fè jennès nan tanp yo. Nou mete tèt ansanm ak yo pou fè
sèvis pou lòt bondye. Tankou pawòl la di: Yon pèp ki san
konprann, se yon pèp ki fini. 15 Si moun Izrayèl yo vle
vire do ban mwen, mwen ta swete moun Jida yo pa fè
menm jan an tou! Pa ale lavil Gilgal! Pa moute Betavenn
pou fè sèvis! Pa pran non Bondye vivan an pou fè sèman!
16 Paske, moun Izrayèl yo gen tèt di pase milèt pòt. Ki jan
pou Seyè a ka mennen yo al manje nan savann tankou ti
mouton? 17 Moun Efrayim yo menm lage kò yo bay zidòl
yo nèt. Kite yo pou kont yo! 18 Yo mete tèt yo ansanm ak
yon bann gwògè. Yo lage kò yo nan fanm. Yo pito sa ki
pou fè yo wont la pase sa ki pou ta fè moun respekte yo.
19 Yo pran nan yon move kouran. Y'a wont ofrann bèt y'ap
fè pou touye pou zidòl yo.

5 Koute sa byen, nou menm prèt yo! Pare zòrèy nou,
nou menm pitit Izrayèl yo! Louvri zòrèy nou, nou menm
ki fanmi wa a! Se nou menm y'ap jije koulye a. Nou tounen
yon pyèj sou mòn Mispa. nou tounen yon pèlen yo mete
sou mòn Tabò. 2 Moun k'ap fè mechanste yo al twò lwen.
Se mwen menm k'ap pini yo tout. 3 Depi lontan mwen
konnen moun Efrayim yo. Pou moun Izrayèl yo menm,
nanpwen anyen sou yo mwen pa konnen. Moun Efrayim
yo lage kò yo nan fè tankou jennès, yo kite m' pou lòt
bondye. Moun Izrayèl yo menm mete tèt yo nan kondisyon
yo pa ka fè sèvis pou mwen. 4 Avèk tou sa pèp la ap
fè a, yo pa ka tounen vin jwenn Bondye yo a ankò. Yo
pran nan sèvi zidòl. Yo pa konnen Seyè a ankò! 5 Sa
pèp Izrayèl la ap fè nan awogans li, se sa k'ap lakòz yo
kondannen l'. Avèk peche moun Izrayèl ak moun Efrayim
yo ap plede fè yo, y'ap bite, y'ap tonbe. Menm moun peyi
Jida yo ap bite ansanm ak yo tou. 6 Y'a pran mouton
ak bèf pou fè ofrann pou Seyè a. Y'a chache l', men yo
p'ap jwenn li, paske li wete kò l' sou yo. 7 Yo pa t' kenbe
pawòl yo ak Seyè a, yo twonpe l'. Yo fè yon bann timoun
ki pa janm konnen Bondye. Nan yon sèl mwa, Bondye ap
detwi yo nèt ansanm ak tout jaden yo. 8 Kònen klewon
an lavil Gibeya! Sonnen avètisman an lavil Rama! Bay
rèl lavil Betavenn pou moun yo pare pou lagè! Leve pye
nou, moun Benjamen! Lènmi dèyè nou. 9 Jou pou yo pini
moun Efrayim yo rive. Y'ap fini nèt avèk yo. M'ap kanpe
nan mitan tout branch fanmi Izrayèl yo, m'ap fè yo konnen
sa ki gen pou rive vre. 10 Seyè a di ankò: Chèf peyi Jida
yo fè menm bagay ak moun k'ap deplase bòn pou antre
sou tè moun. M'ap move sou yo, m'ap vare sou yo tankou
lavalas k'ap desann! 11 Moun Efrayim yo ap soufri anba
moun k'ap peze yo a. Yo pèdi tè ki pou yo dapre lalwa,
paske yo te soti pou yo te swiv moun ki pa gen anyen
pou bay. 12 M'ap fini ak moun Efrayim yo, m'ap manje yo
tankou poudbwa manje bwa. M'ap disparèt moun peyi
Jida yo, m'ap fè yo tounen pouriti. 13 Moun Efrayim yo wè
jan peyi a te malad, moun Jida yo te wè eta malenng peyi
a. Lè sa a, moun Izrayèl yo kouri al mande sekou nan
peyi Lasiri, yo voye moun al mande gran wa a sekou.
Men, gran wa sa a pa ka ban nou gerizon, ni li p'ap ka
geri malenng nou yo. 14 M'ap atake moun Efrayim yo
tankou yon lyon. M'ap tonbe sou moun Jida yo tankou
yon jenn ti lyon. Wi, se mwen k'ap dechire yo an miyèt
moso. Apre sa, m'ap kite yo, m'ap depòte yo byen lwen
peyi yo. Pesonn p'ap ka sove yo anba men m'. 15 M'ap
vire do m' tounen lakay mwen jouk y'a rekonèt fòt yo. Se

lè sa a y'a chache m'. Wi, lè y'a wè jan y'ap soufri a, y'a
mete chache m'.

6 Pèp la di: -Annou wè non! Ann tounen al jwenn Seyè
a! Se li menm ki blese nou, se li menm ankò ki ka geri
nou! Se li ki mete san nou deyò, se li ki ka mete renmèd
sou malenng nou yo. **2** Apre de jou, l'a ban nou lavi
ankò. Sou twazyèm jou a, l'a fè nou kanpe ankò, n'a viv
ankò devan je l'. **3** N'a konnen Seyè a, n'a toujou chache
konnen Seyè a pi byen. Tankou nou sèten solèy la gen
pou l' leve, konsa tou nou sèten n'ap jwenn li. Tankou nou
sèten lapli gen pou l' wouze latè lè sezon l' rive, konsa tou
nou sèten l'ap vin jwenn nou. **4** Seyè a di: -Nou menm
moun Efrayim, kisa pou m' fè ak nou? Nou menm moun
Jida, kisa pou m' fè ak nou? Nou renmen m', se vre. Men
se pou yon ti tan. Ou ta di yon ti nwaj ki pase anvan solèy
leve. Wi, tankou lawouze ki disparèt anvan solèy fin leve.
5 Se poutèt sa mwen voye pwofèt mwen yo pou manyè
pini nou. Mwen mete pawòl nan bouch yo ki ta kont pou
touye nou. Mwen fè nou konnen sa mwen vle nou fè,
mwen mete l' aklè devan nou. **6** Mwen ta pito wè nou
renmen m' tout bon pase pou n'ap fè tout ofrann bèt sa yo
ban mwen. Mwen ta pito wè nou chache konnen m' vre,
mwen menm Bondye nou an, pase pou n'ap boule tout bèt
sa yo pou mwen. **7** Men, yo menm, rive yo rive Adam, yo
pa kenbe kontra mwen te pase ak yo a. Lamenm, yo vire
do ban mwen, yo pa kenbe pawòl yo. **8** Galarad se yon
lavil ki plen moun k'ap fè mechanste. Kote ou pase, se
mak san moun yo touye. **9** Prèt yo menm, se tankou yon
bann ansasen k'ap veye moun sou granchemen. Sou tout
wout ki mennen lavil Sichèm, se touye y'ap touye moun.
Yo konnen byen pwòp tou sa y'ap fè a mal. Atousa yo fè l'.
10 Mwen wè yo fè nan peyi Izrayèl la yon bagay ki fè m'
tranble: Moun Efrayim yo lage kò yo nan sèvi zidòl. Moun
Izrayèl yo ap fè bagay ki mete yo nan kondisyon yo pa ka
fè sèvis pou mwen. **11** Men, pou nou menm tou, moun
peyi Jida, mwen fikse yon jou pou pini nou pou tou sa nou
fè, lè m'a fè moun yo depòte yo tounen nan peyi yo.

7 Chak fwa mwen fè lide geri moun Izrayèl yo, sa ki
parèt devan je mwen se move ajisman pitit Efrayim yo,
se mechanste moun Samari yo. Yonn ap bay lòt manti,
se kase kay moun pou vòlò. Nan lari, yo fè bann pou yo
piye moun. **2** Men, yo pa janm mete nan tèt yo m'ap
toujou chonje tou sa yo fè. Men, yo kanpe nan mitan tout
mechanste yo la devan je mwen. **3** Nan mechanste yo,
y'ap fè fèt pou wa a. Y'ap woule chèf yo, antan y'ap fè
konplo. **4** Se yon bann trèt yo ye. Yo pa kenbe pawòl yo.
Yo tankou yon fou yo fin chofe byen chofe. Boulanje a
fè yo sispann chofe fou a, l'ap tann pat li fin bat la leve
anvan li anfounen l'. **5** Konsa, jou y'ap fè fèt pou wa a,
chèf yo malad anba diven, wa a menm bay lanmen ak
ipokrit yo. **6** Wi, lè y'ap fè konplo se tankou yon fou k'ap
chofe. Tout lannwit, chalè a ap moute. Sa yo gen sou kè
yo a ap kouve. Nan maten, bagay la pete tankou flanm
dife. **7** Yo gen yon chalè k'ap soti sou yo, cho tankou
yon fou byen chofe. Yo devore moun k'ap gouvènen yo.
Wa yo tonbe yonn apre lòt. Pa gen yon moun ki rele m'
mande sekou. **8** Moun Efrayim yo pa pi bon pase yon
pen ki kwit yon sèl bò. Yo pèdi valè yo. Moun Efrayim yo
melanje ak moun lòt nasyon ki toupatou bò kote yo. **9**
Moun lòt nasyon yo fin souse tout fòs yo. Yo menm yo
pa konn sa. Yo gen tan fini, yo prèt pou mouri tankou
vye granmoun cheve blan, yo pa menm wè sa. **10** Se
awogans moun Izrayèl yo k'ap fè yo kondannen yo. Men,
malgre tou sa ki rive yo, yo pa tounen vin jwenn mwen,
mwen menm Seyè a, Bondye yo a. Yo pa chache kote m'
ye. **11** Moun Efrayim yo fin egare, yo tankou pijon ki pèdi
bann yo, yo pa konn sa y'ap fè. Yon lè, se Lejip yo rele vin
ede yo. Yon lòt lè, yo kouri al jwenn moun peyi Lasiri yo.
12 Men, antan yo prale konsa, mwen pare yon pèlen pou
yo, mwen pran yo tankou zwazo k'ap vole nan syèl. M'ap
pini yo pou mechanste yo fè yo. **13** Madichon pou yo!
Yo kouri vire do ban mwen. Y'ap fini nèt. Yo pa kenbe
pawòl yo ak mwen. Yo leve dèyè mwen. Mwen te vle sove
yo, men y'ap fè manti sou mwen. **14** Lè yo kouche sou
kabann yo ap plenn, yo pa lapriyè m' ak tout kè yo. Lè yo
bezwen farin ak diven, y'ap kòche kò yo ak kouto tankou
moun lòt nasyon yo, yo trayi m'. **15** Atout se mwen menm
ki te mennen yo, ki te ba yo fòs, yo fè konplo sou mwen.
16 Yo vire do ban mwen pou y' al dèyè lòt bondye. Yo
tankou yon banza ki pa ka sèvi ankò. Chèf yo ap pale ak
twòp awogans. Se poutèt sa, yo pral mouri nan lagè. Lè
sa a, moun peyi Lejip yo pral pase yo nan kont rizib yo.

8 Kònen klewon an! Malè ap fonn sou peyi Bondye a
tankou malfini, paske moun yo pa kenbe kontra mwen
te pase ak yo a. Yo vire kont sa mwen te moutre yo a. **2**
Ou mèt tande yo di m': Ou se Bondye nou. Nou menm,
moun Izrayèl, nou konnen ki moun ou ye! **3** yo pa vle wè
sa ki bon. Se poutèt sa lènmi gen pou leve dèyè yo. **4** Yo
rete yo chwazi wa mete alatèt yo, san mande m' si mwen
dakò. Yo mete moun chèf san m' pa janm konnen. Yo
pran lò ak ajan yo genyen, yo fè zidòl. Se sa k'ap fini ak
yo a. **5** Mwen pa ka sipòte estati towo bèf moun Samari
yo ap adore a. Se konsa mwen fè kòlè, mwen fache anpil
sou yo. Kilè y'a sispann sèvi zidòl? **6** Se yon atizan peyi
Izrayèl ki te fè zidòl la. Zidòl sa a, se pa ka yon bondye
li ye. Estati towo bèf moun Samari yo, m'ap kraze l' an
miyèt moso. **7** Depi pèp la simen van, se move tan pou
yo rekòlte. Yo tankou yon jaden ble ki pa jete grap, ki p'ap
bay farin. Menm si li bay farin, se moun lòt nasyon k'ap
vin manje tout. **8** Pèp Izrayèl la fini nèt. Nan je lòt nasyon
yo, li tankou yon vye kannari kraze ki pa vo anyen. **9**
Tankou yon bourik endont, moun Efrayim yo ap fè sa yo
pito. Yo moute peyi Lasiri al mande konkou. Tankou fanm
k'ap achte gason, yo bay lòt nasyon lajan pou pwoteje yo.
10 Atout yo bay lòt nasyon yo kado, koulye a mwen pral
mete yo tout nan menm sak pou m' pini yo. Talè konsa,
yo pral nan lapenn lè wa Lasiri a va pran peze yo tout.
11 Atout moun Efrayim yo bati lotèl toupatou pou wete

peche, se menm lotèl sa yo ki fè yo tonbe pi rèd nan
peche. 12 Atout m' ekri pou yo anpil regleman sou lalwa
mwen ba yo a, yo pran regleman yo pou bagay ki pa pou
yo. 13 Yo renmen fè ofrann bèt. Yo touye bèt yo ofri yo
epi yo manje vyann lan. Men, mwen menm, Seyè a, se pa
sa ki fè m' plezi. Koulye a mwen chonje tout peche yo fè,
m'ap pini yo pou sa. M'ap fè yo tounen nan peyi Lejip. 14
Moun Izrayèl yo bliye moun ki te fè yo a. Y'ap bati gwo
palè. Moun Jida yo menm ap bati gwo lavil ak miray ranpa
pou pwoteje yo. Men mwen menm, m'ap voye dife nan
lavil yo. Dife a ap boule tout palè yo ak tout gwo kay yo.

9 Nou menm pèp Izrayèl, pa fè kè nou kontan! Sispann
fè fèt tankou moun lòt nasyon yo. Nou vire do bay
Bondye nou an, nou pa kenbe pawòl nou te gen avè l' la.
Tankou fanm ki nan dezòd, nou kouche kote nou jwenn
glasi pou ti grenn yo fè nou kado. 2 Men, talè konsa, nou
p'ap gen kont farin, ni kont lwil pou nou sèvi. Kanta pou
diven, nou p'ap jwenn sa menm. 3 Pèp Izrayèl la p'ap rete
nan peyi Seyè a. Moun Efrayim yo ap tounen peyi Lejip
ankò. Yo pral manje nan peyi Lasiri manje yo pa te gen
dwa manje. 4 Lè sa a, yo p'ap ka ofri diven bay Seyè a, ni
yo p'ap ka fè okenn ofrann bèt ki pou ta fè l' plezi. Tout
manje yo ap tankou manje yo bay nan veye. Tout moun ki
manje manje sa yo p'ap nan kondisyon pou fè sèvis pou
Bondye. Manje a va sèvi pou plen vant yo ase. Yo p'ap ka
pran ladan l' pou ofri bay Seyè a nan tanp li a. 5 Kisa
y'a fè menm lè gwo jou a, lè jou pou yo fè fèt pou Seyè
a va rive? 6 Men malè tonbe sou yo, yo leve, yo pati.
Moun peyi Lejip yo ap ranmase yo, y'ap antere yo nan
lavil Menmfis. Raje pral pouse tout kote yo te konn mete
richès yo. Pikan pral anvayi tout kote yo te moute kay yo.
7 Jou pou yo pini nou an rive. Wi, lè pou yo ban nou sa
nou merite a pral rive. Lè sa a, moun peyi Izrayèl yo va
konprann sa k'ap rive yo a. Y'ap plede di: Pwofèt sa a
pèdi tèt li. Nonm ki gen lespri Bondye moute l' la pa konn
sa l'ap di. Men se paske yo fè gwo peche, se paske yo
vire do bay Bondye kifè sa rive yo. 8 Bondye voye m'
tankou yon pwofèt pou m' avèti moun Izrayèl yo, pèp li
a. Men tout kote m' pase, yo pare pèlen pou yo pran m'
tankou yon zwazo. Menm nan pwòp kay Bondye a, yo pa
vle wè m'. 9 Yo lage kò yo nèt nan fè sa ki mal, tankou yo
te fè l' lavi Gibeya. Bondye va chonje jan yo mechan, l'a
pini yo pou tout peche yo fè. 10 Seyè a di: Lè m' te fèk
jwenn pèp Izrayèl la, se te tankou si m' te jwenn yon grap
rezen nan mitan yon dezè. Lè m' te fèk wè zansèt nou yo,
se te tankou si m' te wè premye fig frans ki mi nan rekòt
fig la. Men, lè yo rive Baal-Peyò yo lage kò yo nan sèvi
Baal. Yo fè m' vin rayi yo, tankou mwen rayi zidòl yo te
renmen yo. 11 Sa ki te yon lwanj pou pèp Efrayim lan ap
vole ale tankou zwazo. Yo p'ap fè pitit, madanm yo p'ap
gwovant, madanm yo p'ap menm ansent. 12 Menm si yo
rive fè pitit, mwen p'ap kite yo fin grandi. Lè m' vire do
ba yo, malè ap rive yo. 13 Mwen fè yon vizyon, mwen
wè pitit gason moun Izrayèl yo nan yon bèl jaden, epi se
moun Izrayèl yo menm ki t'ap mennen yo bay ansasen.
14 Seyè! Kisa m' ta mande ou fè pou yo? Fè madanm yo
toujou an pèdisyon? Fè yo pa gen lèt pou bay pitit yo
tete? 15 Seyè a di konsa: Mechanste pèp la konmanse
depi nan peyi Gilgal. Se la menm mwen konmanse rayi
yo. Yo fè twòp move zak. Se poutèt sa, m'ap mete yo
deyò nan peyi mwen an. Mwen p'ap renmen yo ankò,
paske tout chèf yo se yon bann wòklò. 16 Peyi Efrayim
lan tankou yon pyebwa ki pa ka donnen ankò. Rasin li
yo fin cheche. Yo p'ap fè pitit. Menm si yo rive fè pitit,
m'ap touye pitit yo pi renmen yo. 17 Bondye m'ap sèvi a
ap voye yo jete, paske yo pa t' koute li. Yo pral mache
pwomennen san rete nan mitan nasyon yo.

10 Pèp Izrayèl la te tankou yon bèl pye rezen ki te
konn donnen anpil. Plis pye rezen an t'ap donnen,
se plis yo t'ap bati lotèl pou zidòl. Plis tè a t'ap bay, se
plis yo t'ap fè pi bèl estati pou zidòl yo. 2 Yo pa t' sensè!
Koulye a, yo pral peye pou sa yo fè: Bondye pral kraze ni
lotèl yo, ni estati yo. 3 Talè konsa, y'a di: -Nou pa gen
wa, paske nou pa pè Seyè a. Lèfini, yon wa, sa l' ka fè
pou nou? 4 Men, tou sa se pale mete la. Y'ap fè sèman
yo p'ap kenbe. Y'ap siyen kontra ki p'ap sèvi yo anyen.
Nan tribinal, y'ap rann move jijman. Se tankou move zèb
k'ap pouse nan yon jaden ou fèk pare. 5 Moun ki rete
lavil Samari pral tranble tèlman y'ap pè pou ti bèf an lò
Betavenn yo. Y'ap kriye paske yo pèdi l'. Prèt yo tou ap
pouse rèl, paske sa ki te fè pouvwa yo a, yo wete l' nan
mitan yo. 6 Yo pran zidòl la, yo mennen l' ale nan peyi
Lasiri. Yo fè gwo wa a kado l'. Yo pral fè Efrayim wont. Wi,
pèp Izrayèl la pral wont paske yo t'ap swiv move konsèy.
7 Y'ap fini ak lavil Samari a, wa li a ap disparèt tankou kim
sou dlo. 8 Yo gen pou yo fè disparèt tout kote pèp Izrayèl
la te konn adore zidòl sou mòn Betavenn yo. Pikan ak
raje ap pouse sou lotèl yo. Moun yo va rele, y'a mande
mòn yo pou tonbe sou yo, y'a mande ti mòn yo pou kache
yo. 9 Seyè a di: -Nou menm moun Izrayèl, depi nou te
lavil Gibeya, n'ap fè peche. Depi lè sa a, nou pa janm
sispann. Se konsa, lagè y'ap mennen kont mechan yo ap
vire sou nou jouk lavil Gibeya. 10 Se poutèt sa, mwen soti
pou m' pini yo. Moun lòt nasyon ap mete tèt ansanm sou
do yo. Wi, y'ap pini yo akòz peche yo fè. 11 Te gen yon
lè Efrayim te tankou yon jenn ti gazèl byen drese, li te
renmen degrennen mayi sou glasi. Men, koulye a, m'ap
mete yon jouk sou bèl ti kou l' la, m'ap sele l' pou fè l'
travay pi di. M'ap fè moun Jida yo raboure tè. Moun Jakòb
yo menm, m'ap fè yo kraze boul tè. 12 Mwen te di yo:
Kenbe kè nou nan kondisyon pou nou sèvi Bondye. Fè sa
ki dwat devan Bondye. Konsa n'a rekòlte benediksyon
m'ap ban nou paske n'ap sèvi m' ak tout kè nou. Fè bwa
nèf. Wi, li lè pou nou tounen vin jwenn mwen. M'a vini,
m'a vide benediksyon sou nou tankou lapli. 13 Men, nou
te pito fè sa ki mal devan je m'. Se konsa, nou rekòlte sa
ki mal tou. N'ap peye manti nou te bay yo. Nou fè sa ki
nan lide nou. Nou te mete konfyans nou nan gwo kantite
sòlda nou te genyen. 14 Se konsa, lènmi pral tonbe sou
moun nou yo. Y'a detwi tout fò nou yo. Se va tankou lè

wa Chalman te sakaje lavil Betabèl jou gwo batay la. Lè
sa a, yo te kraze ata manman ak pitit. 15 Men sa k'ap rive
nou, nou menm moun lavil Betèl. Poutèt gwo mechanste
nou te fè a, konmanse batay la va konmanse, wa Izrayèl
la gen pou mouri.

11 Lè pèp Izrayèl la te timoun toujou, mwen te renmen
l' tankou pitit gason mwen. Mwen te rele l', mwen fè
l' soti kite peyi Lejip. 2 Men, plis mwen te konsidere l'
tankou pitit mwen, se plis li t'ap vire do ban mwen. Yo t'ap
plede fè ofrann bèt pou Baal, yo t'ap plede boule lansan
pou zidòl. 3 Se mwen menm ki te moutre moun Izrayèl yo
jan pou yo mache. Mwen te konn pran yo nan bra mwen.
Men, yo pa t' vle rekònèt se mwen menm ki te pran swen
yo. 4 Pou m' te ka rale yo sou mwen, mwen fè yo wè
jan mwen renmen yo, jan mwen gen bon kè. Mwen defèt
baboukèt ki te mare bouch yo a. Mwen bese atè pou m'
ba yo manje. 5 Men yo refize tounen vin jwenn mwen. Se
poutèt sa yo p'ap tounen nan peyi Lejip la ankò, se moun
Lasiri ki va gouvènen yo. 6 Lènmi pral desann sou lavil yo
ak nepe nan men yo. Y'ap kraze miray ranpa lavil yo, y'ap
detwi pèp mwen an, paske yo fè sa yo pito. 7 Yo vire do
ban mwen, yo fin pran pli a nèt. Y'a rele anba chay ki
sou zepòl yo a, men pesonn p'ap vin wete l' sou yo. 8
Nou menm moun Efrayim yo, kouman nou ta vle pou m'
lage nou? Nou menm moun Izrayèl yo, kouman nou ta vle
pou m' ta detwi nou tankou mwen te detwi lavi Adma?
Kouman nou ta vle pou m' ta trete nou tankou mwen te
trete lavil Zeboyim yo? Non! Mwen pa gen kè pou m' fè
bagay konsa. Tout zantray mwen ap fè mwen mal pou
nou. 9 Mwen p'ap fè sa m' te di mwen t'ap fè lè m' te
ankòlè a. Mwen p'ap detwi moun Efrayim yo ankò. Paske
se Bondye mwen ye, mwen pa tankou lèzòm. Se yon
bondye apa mwen ye. Mwen la avèk nou. Mwen p'ap fè
kòlè pou m' vin detwi nou. 10 Y'a pran mache dèyè m'
ankò. Lè m'a gwonde tankou yon lyon, y'a tranble kou fèy
bwa, y'a kouri kite peyi bò kote solèy kouche a, y'a vin
jwenn mwen. 11 Y'a vole tankou zwazo, y'a kouri kite
peyi Lejip. Y'a pran zèl tankou toutrèl, y'a kouri kite peyi
Lasiri. M'a fè yo tounen vin rete nan peyi yo a. Se mwen
menm, Seyè a, ki di sa. 12 Seyè a di ankò: Moun Efrayim
yo kouvri m' anba manti. Moun Izrayèl yo vlope m' ak
bèl pawòl. Men, moun peyi Jida yo ap kenbe tèt avè m'
toujou, mwen menm Bondye ki toujou kenbe pawòl mwen,
mwen menm ki yon Bondye apa!

12 Pèp Efrayim lan ap fè yon bann bagay ki p'ap rapòte
yo anyen. Y'ap kouri siyen kontra ak moun k'ap
fini ak yo. Tout lajounen y'ap plede bay manti sou manti.
Se fè mechanste. Yo fè kontra avèk peyi Lasiri, y'ap fè
kòmès lwil avèk peyi Lejip. 2 Seyè a gen yon kont pou l'
regle ak moun Jida yo tou. Li pral pini moun Jakòb yo
dapre ajisman yo. Li pral fè yo peye sa yo fè a. 3 Depi
nan vant manman l', Jakòb, zansèt yo, t'ap goumen ak
Ezaou, frè jimo li a. Lè li vin gran li goumen ak Bondye. 4
Li mare batay ak yon zanj Bondye, epi li genyen. Lè sa a,
Jakòb kriye, li mande pou zanj lan beni l'. Li kontre ak
Bondye Betèl, Bondye pale avè l'. 5 Se te Seyè ki gen
tout pouvwa a. Seyè, se konsa yo rele li. 6 Konsa, nou
menm pitit pitit Jakòb yo, tounen vin jwenn Bondye nou.
Pa janm sispann renmen l'. Fè sa ki dwat devan je li. Pran
pasyans! Toujou konte sou Bondye. 7 Seyè a di ankò: -
Moun Izrayèl yo tankou moun Kanaran yo. Y'ap sèvi avèk
fo mamit. Yo renmen fè mache nwa. 8 Y'ap plede di:
Nou fin rich. Nou fè yon bèl kòb. Men, nou travay di tou.
Pesonn pa ka di nou te fè ankenn bagay mal pou n' gen
tout lajan sa a! 9 Men, mwen menm, se Seyè a, Bondye
nou an mwen ye. Se mwen ki te mennen nou depi lè nou
te moute kite peyi Lejip la. M'a pral fè nou rete anba tant
twal ankò, jan nou te konn fè l' lè mwen te vin jwenn nou
nan dezè a. 10 Mwen te pale ak pwofèt yo. Se mwen ki fè
yo fè anpil vizyon. Mwen fè yo bay pèp la anpil avètisman
pou mwen. 11 Pèp la ap adore zidòl lavil Galarad. Men,
sa p'ap sèvi yo anyen. Y'ap ofri towo bèf lavil Gilgal. Men,
lotèl yo ap tounen pil wòch nan jaden y'ap pare. 12 Jakòb,
zansèt nou an, te blije al kache nan peyi Aram. Lè l' te la,
li te travay pou moun pou l' te ka jwenn yon fanm pou l'
marye. Wi, li te fè metye gadò mouton pou l' te ka jwenn
yon fanm. 13 Seyè a voye yon pwofèt pou fè pèp Izrayèl
la soti kite peyi Lejip. Li fè menm pwofèt la pran swen yo.
14 Men, pèp Efrayim lan te fè bagay ki te fè Seyè a fache
anpil. Se poutèt sa, l'ap fè yo peye krim yo fè a. L'ap fè yo
peye wont yo te fè l' wont la.

13 Nan tan lontan, lè moun Efrayim yo te pale, tout
moun te pran tranble. Yo te rive chèf sou tout lòt
branch fanmi Izrayèl la. Men, y' al fè sa ki mal. Y' al adore
Baal. Se poutèt sa yo pèdi pye. 2 Jouk koulye a, y'ap fè
peche toujou. Y'ap pran kwiv, y'ap fonn li pou fè estati
zidòl. Y'ap fè bèl zidòl an ajan jan yo konnen. Tou sa se
travay atizan fè ak men yo. Apre sa yo di: Ann ofri bèt pou
touye ba yo! Koulye a nou wè se moun k'ap bo estati
bèf! 3 Konsa, moun sa yo ap disparèt tankou yon vapè ki
leve granmaten, tankou lawouze lè solèy fin leve. Y'ap
tankou pay van an ap leve soti sou glasi. Y'ap tankou
lafimen k'ap soti nan yon fetay kizin. 4 Seyè a di ankò: Se
mwen menm ki Seyè a, Bondye ou la. Se mwen menm
ki te fè soti kite peyi Lejip. Ou pa konn lòt bondye pase
mwen menm. Se mwen menm ase ki ka sove ou. 5 Mwen
te okipe ou lè ou te nan dezè a, nan peyi ki pa gen dlo
menm lan. 6 Men, lè yo rive nan peyi ki gen bon tè a, yo
manje plen vant yo, lògèy vire tèt yo, se konsa yo bliye
m'. 7 Se poutèt sa, m'ap tonbe sou yo tankou yon lyon.
Tankou yon leyopa, mwen pral anbiske kò m' sou wout yo
ap tann yo. 8 M'ap tonbe sou yo tankou yon manman lous
yo pran pitit li. M'ap dechire yo. M'ap devore yo lamenm
tankou yon fenmèl lyon. M'ap dechire yo tankou yon bèt
nan bwa. 9 M'ap detwi nou, nou menm pèp Izrayèl la,
paske nou vire sou do mwen, mwen menm ki tout sekou
nou. 10 Nou te mande pou yo ban nou yon wa ansanm
ak lòt chèf. Men, kote wa ki pou te sove nou an? Kote
tout chèf ki pou te defann nou yo? 11 Mwen te fè kòlè,

mwen te ban nou wa a. Men, apre sa, nou fè m' fache pi
rèd, mwen wete l' nan mitan nou. 12 Mwen make tou sa
Efrayim fè ki mal sou papye. Mwen sere l' byen lwen. 13
Nan tout malè sa a, Efrayim te gen yon chans ankò pou l'
ta sove. Men, li twò sòt, l'ap pèdi chans lan. Se tankou
yon ti bebe ki rive sou dat pou l' fèt men ki pa vle soti nan
vant manman l'. 14 Mwen p'ap sove pèp la anba lanmò.
Mwen p'ap anpeche yo desann nan peyi kote mò yo ye a.
Annavan, lanmò! Vini ak tout malè ou yo! Nou menm ki
chèf nan peyi kote mò yo ye a, vin detwi pèp la. Mwen
p'ap janm gen pitye pou pèp sa a ankò. **(Sheol h7585)** 15
Menm si Izrayèl ta fleri tankou wozo bò dlo, m'ap fè yon
van leve nan dezè kote solèy leve a, m'ap fè l' vante sou
li, l'ap cheche tout sous dlo ak tout fontenn li yo. L'ap pran
tout bagay ki gen valè nan byen l' yo, l'ap pote yo ale. 16
Peyi Samari a pral peye pou sa l' fè a, paske li te leve sou
do Bondye li a. Yo pral mouri nan lagè. Y'ap pran pitit yo,
y'ap kraze yo atè, y'ap fann vant fanm ansent yo.

14 Tounen vin jwenn Bondye nou non, nou menm pitit
Izrayèl yo! Se peche nou yo ki te fè nou tonbe. 2
Tounen vin jwenn Seyè a! Men sa pou nou di li: Padonnen
tout peche nou yo. Asepte sa n'ap mande ou la a. Nou
p'ap ofri ou towo bèf ankò, n'ap fè lwanj ou pito. 3 Moun
Lasiri yo p'ap janm ka sove nou. Nou p'ap mete konfyans
nou ankò nan chwal pou fè lagè. Nou p'ap janm gade
zidòl nou fè ak men nou pou nou di yo se yo ki bondye
nou. Nou rekonèt, Seyè, se ou menm ki gen pitye pou
timoun ki san papa. 4 Seyè a di ankò: -M'ap rale pèp la
tounen vin jwenn mwen ankò. M'ap renmen yo ak tout
kè m'. Mwen p'ap ankòlè sou yo ankò. 5 M'ap tankou
lawouze pou moun Izrayèl yo. Yo pral fleri tankou flè nan
jaden. Yo pral pouse rasin tankou pyebwa nan peyi Liban.
6 Yo pral boujonnen sou tout kò yo. Y'ap bèl tankou pye
oliv. Y'ap santi bon tankou pye sèd peyi Liban. 7 Yo gen
pou yo tounen vin rete anba zèl mwen pou m' pwoteje yo.
Jaden ble yo pral donnen ankò. Yo pral fleri tankou pye
rezen. Non yo ap nan tout bouch tankou bon mak diven
yo fè nan peyi Liban. 8 Nou menm moun Izrayèl, konnen
mwen pa gen anyen pou mwen wè ak zidòl. Mwen menm
m'a reponn yo lè y'ap lapriyè. M'ap okipe yo tankou pye
bwapen ki rete toujou vèt, m'ap ba yo lonbraj. Se mwen
menm k'ap ba yo tout kalite benediksyon. 9 Se pou moun
ki gen konprann chache konprann sa ki ekri la a. Se pou
moun ki gen lespri chache konprann li. Paske chemen
Bondye se chemen ki dwat. Moun k'ap viv dapre volonte
Bondye ap mache ladan l' san anyen p'ap rive yo. Men,
moun ki vire do yo bay Bondye ap bite sou wout la.

Jowèl

1 Men mesaj Seyè a te bay Joèl, pitit gason Petwèl la. **2** Nou menm vye granmoun yo, koute byen! Nou menm ki rete nan peyi Jida a, louvri zòrèy nou! Eske nan tan pa nou, osinon nan tan zansèt nou yo bagay konsa te janm rive? **3** N'a rakonte pitit nou yo sa. Yo menm, y'a rakonte pitit pa yo sa. Lèfini, pitit yo menm va rakonte l' bay moun k'ap vin apre yo. **4** Sa jenn ti krikèt yo kite, gwo krikèt devore sa. Sa gwo krikèt yo kite, ti chini devore sa. Sa ti chini yo kite, gwo chini devore sa. **5** Leve non, bann gwògè! Kriye non! Nou menm ki renmen bweson, pete rele! Paske pa gen rezen pou fè diven nivo pou nou ankò. **6** Yon lame krikèt atake peyi nou an. Yo gwonèg, moun pa ka konte yo. Dan yo tankou dan lyon, kwòk dan yo tankou dan femèl lyon. **7** Yo fini ak jaden rezen nou yo. Yo manje tout pye fig frans nou yo. Yo wete tout kòs pye fig frans yo voye jete atè. Branch pye rezen yo rete kanpe tou blan. **8** Nou menm pèp la, nou mèt plenn, tankou yon jenn fi, rad sak li sou li, k'ap plenn lanmò fiyanse l'. **9** Pa gen grenn jaden, ni diven pou fè ofrann nan tanp Seyè a. Prèt yo, sèvitè Seyè a, nan lapenn. **10** Tout jaden yo blanch. Tè a nan lapenn. Tout pye ble yo fin mouri. Pye rezen yo cheche. Pye oliv yo rabougri. **11** Kiltivatè yo pa konn sa pou yo fè. Moun k'ap okipe jaden rezen yo ap plenn paske pa gen ble, pa gen lòj. Tout rekòt yo pèdi nèt. **12** Pye rezen yo ap cheche, pye fig frans yo ap mouri. Pye grenad, pye palmis, pye ponm, tout pye fwi nan jaden fin fennen. Pa gen moun ki gen kè kontan ankò. **13** Nou menm prèt yo, mete rad sak sou nou! Pete rele! Nou menm k'ap sèvi devan lotèl la, mare ren nou. Ale nan tanp lan, pase nwit lan ak rad sak sou nou. Nou menm k'ap fè sèvis pou Bondye m' lan, nou nan lapenn. Pa gen grenn jaden, pa gen diven pou fè ofrann nan kay Bondye nou an. **14** Bay lòd pou yo fè jèn! Rele tout moun vini! Sanble tout chèf yo ansanm ak tout moun ki rete nan peyi a, nan kay Seyè a, Bondye nou an. Rele nan pye Seyè a. **15** Ala yon gwo jou papa! Jou Seyè a pa lwen rive. Se jou Bondye ki gen tout pouvwa a ap vini kraze brize. Jou sa a ap bay gwo lapenn. **16** N'ap gade konsa, rekòt nou yo ap disparèt devan je nou san nou pa ka fè anyen! Pa gen kè kontan, pa gen fèt nan kay Bondye nou an! **17** Grenn yo plante yo rete anba tè. Kay depo yo fin kraze. Galata yo vid. Pa gen rekòt pou mete ladan yo. **18** Zannimo yo ap plenn, bann bèf yo pa konn kote pou yo ale. Yo pa jwenn anyen pou yo manje nan savann. Ata mouton yo ap soufri grangou. **19** Seyè, m'ap rele nan pye ou! paske chechrès la fini ak jaden zèb yo. Ou ta di se dife ki boule tout pyebwa yo! **20** Ata zannimo nan savann yo ap rele nan pye ou, paske tout larivyè yo chèch nèt. Dife boule tout zèb nan savann yo.

2 Kònen twonpèt sou mòn Siyon an! Bay siyal la sou mòn ki apa pou Bondye a! Se pou tout moun nan peyi Jida a tranble, paske jou Seyè a pa lwen rive. L'ap pwoche. **2** Se va yon jou ki pral fè nwa kou lank, ak syèl la plen nwaj nwa, yon jou kote nwaj nwa ak pousyè pral kouvri latè. Yon lame krikèt ap vanse. Yo gwonèg anpil! Tankou solèy la lè l'ap leve, y'ap kouvri mòn yo. Se bagay nou poko janm wè, bagay nou p'ap janm wè ankò, jouk sa kaba. **3** Tankou dife, yo devore tou sa ki devan yo. Yo pa kite anyen kote yo pase. Anvan yo te vini, peyi a te tankou yon ti paradi. Lè yo fin pase, li tounen yon dezè san anyen ladan l'. Anyen pa chape anba dan yo. **4** Yo tankou chwal, yo kouri tankou chwal sèl. **5** Lè y'ap soti sou tèt mòn yo, yo fè yon bri tankou cha lagè k'ap pase, tankou dife nan pay chèch. Yo mache an ran tankou yon gwo lame tou pare pou goumen. **6** Lè y'ap pwoche, tout moun pran tranble. Figi tout moun dekonpoze. **7** Yo atake tankou vanyan sòlda. Yo moute sou miray yo tankou sòlda k'ap fè lagè. Yo mache dwat devan yo, yo pa vire ni adwat ni agoch. **8** Yonn pa antrave lòt nan mach yo. Yo chak ap swiv chemen pa yo. Yo janbe tou sa yo mete pou bare yo. Anyen pa rete yo. **9** Yo pran lavil la pou yo. Yo kouri moute sou miray yo. Yo moute anwo kay yo, yo pase antre nan fennèt yo tankou vòlò. **10** Tè a souke lè y'ap mache vini. Syèl la tranble. Solèy la ak lalin lan vin tou nwa, zetwal yo pa klere nan syèl la ankò. **11** Seyè a ap mache alatèt lame li a: l'ap pase yo lòd. Lame a anpil. Yo gwonèg: Y'ap fè sa li ba yo lòd fè a. Ala yon gwo jou se jou Seyè a! Se yon jou pou moun pè tout bon vre. Ki moun ki va rete kanpe apre jou sa a? **12** Seyè a pale, li di: -Menm koulye a, tounen vin jwenn mwen ak tout kè nou! Fè jèn, kriye kont kò nou, plenn sò nou! **13** Se pa rad sou nou pou nou chire, se kè nou menm pou nou chire pou fè wè jan nou nan lapenn. Tounen vin jwenn Seyè a, Bondye nou an. Li gen bon kè anpil, li gen pitye pou moun. Li pa fache fasil, li p'ap janm sispann renmen nou. Li toujou pare pou padonnen nou. **14** Sa ki konnen? Li ka chanje lide, li ka padonnen nou. Li ka ban nou benediksyon. N'a gen grenn jaden ak diven ankò pou nou fè ofrann bay Seyè a, Bondye nou an! **15** Kònen twonpèt sou mòn Siyon an! Bay lòd pou tout moun fè jèn! Mande pou tout moun reyini! **16** Sanble pèp la. Pare tout moun pou fè sèvis. Sanble vye granmoun yo! Reyini tout timoun yo, menm timoun ki nan tete. Ata moun ki fenk marye yo, se pou yo kite kay yo vini tou. **17** Nan lakou ki separe gwo pòtay tanp lan ak lotèl la, se pou prèt yo, sèvitè Seyè a, pran kriye. Se pou yo di: Pitye, Seyè, pitye pou pèp ou a. Pa kite moun lòt nasyon yo pase moun pa ou yo nan betiz pou fè yo wont, pou yo ta di: Kote Bondye yo a? **18** Lè sa a, Seyè a fè wè jan li renmen peyi li a. Li fè pèp li a gras. **19** Li reponn, li di pèp la konsa: -Bon! Mwen pral ban nou ble, diven ak lwil fre. N'ap gen tou sa n'a bezwen. Mwen p'ap janm kite moun lòt nasyon yo pase nou nan betiz ankò. **20** Mwen pral chase lame krikèt la byen lwen nou. Wi, lame krikèt ki te soti nan nò a. M'ap voye yo ale nan dezè a, kote ki pa gen dlo, kote ki pa gen pyebwa. Tèt lame krikèt yo va pran direksyon lanmè ki sou bò solèy leve a, lanmè Mouri a. Ke lame krikèt yo va

pran direksyon lanmè ki sou bò solèy kouche a, lanmè
Mediterane a. Kadav yo pral pouri, y'ap bay move sant.
Seyè a fè anpil bagay pou nou. 21 Nou menm jaden yo,
nou pa bezwen pè ankò. Fè fèt, fè kè nou kontan, paske
Seyè a fè anpil pou nou! 22 Nou menm zannimo nan
savann yo, nou pa bezwen pè ankò: jaden zèb yo pral
pouse byen bèl, pyebwa yo pral donnen, pye fig frans
yo ak pye rezen yo pral bay bèl rekòt. 23 Nou menm,
moun Siyon yo, fè fèt! Fè kè nou kontan poutèt sa Seyè
a, Bondye nou an, fè pou nou. Li ban nou kantite lapli nou
te bezwen nan sezon lotòn. Li ban nou gwo lapli loraj ak
lapli nan sezon prentan, jan l' te konn fè l' anvan an. 24
Glasi yo pral plen grenn. Barik yo pral plen diven ak lwil
fre. 25 M'a ban nou ankò tou sa nou te pèdi pandan tout
tan bann gwo krikèt yo, ti krikèt yo, ti chini yo ak gwo chini
yo te devore rekòt nou yo. Se mwen menm ki te voye
lame sa a sou nou. 26 Nou pral manje plen vant nou. N'a
fè lwanj Seyè a, Bondye nou an, ki te fè tout bèl bagay sa
yo pou nou. Yo p'ap janm pase pèp mwen an nan betiz
ankò. 27 Lè sa a, n'a konnen mwen kanpe la nan mitan
pèp Izrayèl la. Se mwen menm Seyè a ki Bondye nou.
Pa gen tankou m'. Yo p'ap janm pase pèp mwen an nan
betiz ankò. 28 Apre sa, m'a vide lespri mwen sou tout
moun. Pitit gason ak pitit fi nou yo va bay mesaj m'a ba
yo. Granmoun nou yo va fè rèv. Jennmoun nou yo va gen
vizyon. 29 Wi, lè sa a, m'a vide lespri m' sou tout moun,
ata sou moun k'ap travay lakay nou, fi kou gason. 30
M'apral fè mèvèy parèt nan syèl la ak sou latè a. Va gen
san, dife ak gwo nwaj lafimen. 31 Solèy la pral vin tou
nwa, lalin lan pral vin wouj kou san anvan jou Seyè a va
rive. Aa! Se va yon gwo jou, yon jou k'ap fè moun tranble.
32 Lè sa a, tout moun ki va rele nan pye Seyè a va sove.
Paske sou mòn Siyon ak nan lavil Jerizalèm va gen moun
ki va chape, jan Seyè a te di l' la. Wi, tout moun Seyè a
va chwazi, se yo ki va chape.

3 Seyè a di ankò: -Lè sa a, jou sa yo, m'a fè peyi Jida a
ak lavil Jerizalèm kanpe ankò. 2 Apre sa, m'a sanble
tout nasyon yo. M'a fè yo desann nan Fon Jijman Bondye
a. Se la mwen pral jije yo pou tou sa yo fè Izrayèl, pèp
mwen an, moun pa m' yo. Paske, se yo ki te gaye moun
pèp Izrayèl yo nan mitan lòt nasyon yo. Lèfini, yo te
separe peyi mwen an. 3 Yo te tire osò pou konnen pou
ki moun prizonye yo ap ye. Yo te vann ti gason yo pou
yo te ka gen lajan pou al nan jennès. Yo te vann tifi yo
pou yo te ka gen lajan pou achte bweson, Lèfini, yo bwè
jouk yo sou. 4 Nou menm moun lavil Tir ak moun lavil
Sidon, sa n'ap chache fè m' konsa? Nou menm tou ki rete
nan tout zòn peyi Filisti a, se chache n'ap chache fè m'
peye pou sa m' te fè nou? Si nou vle tire revanj nou sou
mwen, enben, anvan nou bat je nou, m'ap fè nou peye
sa. 5 Nou te pran tout ajan ak tout lò mwen yo, nou pote
tout bèl gwo richès mwen yo ale nan tanp nou yo. 6 Nou
pran moun peyi Jida yo ak moun lavil Jerizalèm yo, nou
mennen yo byen lwen peyi yo: n' al vann yo bay moun
peyi Lagrès. 7 Koulye a, mwen pral fè yo soti kote nou te
vann yo a. Mwen pral fè nou sa nou te fè yo a. 8 Mwen
pral vann pitit gason ak pitit fi nou yo. Mwen pral lage yo
nan men moun Jida yo. Yo menm, yo pral vann yo bay
sabeyen yo ki rete nan yon peyi byen lwen. Se mwen
menm, Seyè a, ki di sa. 9 Mache fè piblikasyon sa a nan
mitan tout nasyon yo! Pare nou pou n' al fè lagè pou
Bondye! Rele tout vanyan gason yo! Sanble tout sòlda yo!
Fè yo mache pran yo! 10 Pran lam fè ki nan chari nou yo
fè nepe. Pran kouto digo nou yo, fè fwenn ak yo. Menm
moun ki pi fèb yo pral di yo vanyan gason. 11 Nou menm,
tout nasyon ki sou lizyè fwontyè peyi a, prese non! Kouri
vini! Sanble nan fon an! Seyè, voye vanyan sòlda ou yo al
atake yo! 12 Se pou tout nasyon ki sou lizyè fwontyè peyi
a sanble tout lame yo pou yo vini nan Fon Jijman an,
paske se la mwen pral chita pou m' jije tout nasyon ki sou
lizyè fwontyè peyi a. 13 Moun sa yo twò mechan. Koupe
tèt yo tankou lè n'ap ranmase rekòt ki mi. Kraze yo anba
pye nou tankou lè n'ap kraze rezen nan basen pou fè
diven. Barik ji rezen yo plen ap debòde. 14 Foul moun sou
foul moun nan Fon Jijman an! Paske jou Seyè a pa lwen
rive nan Fon Jijman an. 15 Solèy la ak lalin lan vin tou
nwa. Zetwal yo pa klere nan syèl la. 16 Seyè a rete sou
mòn Siyon, l'ap gwonde. Li rete lavil Jerizalèm, l'ap pale
byen fò. Syèl la ak latè a ap tranble. Men, se Seyè a k'ap
pwoteje pèp li a. Se li k'ap pran defans moun Izrayèl yo.
17 Lè sa a, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a, Bondye
nou an. Mwen rete sou mòn Siyon, mòn yo mete apa pou
mwen an. Jerizalèm va yon lavil apa pou Bondye. Moun
lòt nasyon yo p'ap ka pran l' pou yo ankò. 18 Jou sa a,
mòn yo pral kouvri ak jaden rezen. Bèf pral sou tout ti
mòn yo. Va gen kont dlo nan larivyè peyi Jida yo. Yon
sous dlo pral koule soti nan kay Seyè a. Li pral wouze
bafon zakasya yo. 19 Peyi Lejip pral tounen yon savann
dezole. Peyi Edon pral tounen yon dezè. Paske, yo te
fè moun peyi Jida yo mechanste, yo te touye yon bann
inonsan nan peyi yo. 20 -(we vèsè pwochen) 21 Men, m'a
pran revanj moun yo te touye yo. Mwen p'ap fè pa moun
ki koupab yo. Men, va gen moun rete nan peyi Jida a ak
nan lavil Jerizalèm pou tout tan. Epitou, mwen menm,
Seyè a, m'a fè mòn Siyon an tounen kay mwen ankò.

Amòs

1 Men mesaj Amòs, yonn nan gadò mouton lavil Tekoa
a, te bay. Se bagay Bondye te fè l' konnen sou pèp
Izrayèl la, dezan anvan tranblemanntè a. Lè sa a, se
Ozyas ki te wa nan peyi Jida, epi se Jewoboram, pitit
Joas, ki te wa nan peyi Izrayèl. **2** Amòs di: -Seyè a rete
sou mòn Siyon, l'ap gwonde. Li rete lavil Jerizalèm, li
pale byen fò. Lamenm, savann mouton yo fennen. Zèb ki
sou tèt mòn Kamèl la cheche. **3** Seyè a di konsa: Moun
peyi Damas yo ap plede fè peche sou peche san rete.
Mwen fin pran desizyon m', mwen p'ap chanje lide. Yo
maltrete moun peyi Galarad yo. Yo krabinen yo anba kout
baton fè. **4** M'ap voye dife sou kay kote wa Azayèl rete a.
Dife a ap boule gwo kay wa Bennadad la ra tè. **5** M'ap
kraze pòtay lavil Damas la miyèt moso. M'ap disparèt
moun ki rete nan Fon Avenn ansanm ak chèf ki kòmande
lavil Betedenn lan. Y'a fè moun peyi Siri yo prizonye,
y'a depòte yo nan peyi Kir. Se Seyè a menm ki di sa. **6**
Seyè a di konsa: Moun lavil Gaza yo ap plede fè peche
sou peche san rete. Mwen fin pran desizyon m', mwen
p'ap chanje lide. Yo depòte tout yon nasyon. Yo vann yo
tankou esklav bay moun Edon yo. **7** M'ap voye dife sou
miray lavil Gaza. L'ap boule gwo kay yo ra tè. **8** M'ap
disparèt moun ki kòmande lavil Asdòd ansanm ak chèf ki
rete nan lavil Askalon an. M'ap pini lavil Ekwon an. Tout
rès moun Filisti yo pral mouri. Se Seyè a menm, Bondye
a, ki di sa. **9** Seyè a di konsa: Moun peyi Tir yo ap plede
fè peche sou peche san rete. Mwen fin pran desizyon m',
mwen p'ap chanje lide. Yo depòte tout yon nasyon. Yo
vann yo tankou esklav bay moun Edon yo. Yo pa respekte
kondisyon yo te pase pou yo viv yonn ak lòt tankou frè
ak frè. **10** Se poutèt sa, m'ap voye dife sou miray lavil
Tir. L'ap boule gwo kay li yo ra tè. **11** Seyè a di konsa:
Moun lavil Edon yo ap plede fè peche sou peche san rete.
Mwen fin pran desizyon m', mwen p'ap chanje lide. Yo
kouri dèyè frè yo ak nepe pou yo touye yo. Yo san pitye
pou yo. Kòlè yo pa gen limit. Yo toujou kenbe yo nan kè
yo. **12** Se poutèt sa, m'ap voye dife nan lavil Teman. L'a
boule gwo kay lavil Bozra yo ra tè. **13** Seyè a di konsa:
Moun lavil Amon yo ap plede fè peche sou peche san
rete. Mwen fin pran desizyon m', mwen p'ap chanje lide.
Nan fè lagè pou yo ka gen plis tè, yo rive devantre fanm
ansent peyi Galarad yo. **14** Se poutèt sa, m'ap limen yon
dife sou miray lavil Raba. L'a boule gwo kay yo ra tè. Se lè
sa a w'a tande rèl moun k'ap goumen nan lagè yo, tankou
bri van siklòn k'ap pase. **15** Y'a fè wa yo ak tout chèf yo
prizonye. Y'a depòte yo. Se Seyè a menm ki di sa.

2 Seyè a di konsa: Moun lavil Moab yo ap plede fè
peche sou peche san rete. Mwen fin pran desizyon m',
mwen p'ap chanje lide. Yo pa respekte zosman wa Edon
an. Yo boule yo fè yo tounen sann. **2** M'ap voye dife nan
peyi Moab la. L'a boule gwo kay lavil Keriyòt yo ra tè.
Moun Moab yo ap mouri nan mitan batay la, antan moun
k'ap goumen yo ap rele byen fò, epi klewon ap kònen. **3**
M'ap touye chèf k'ap gouvènen nan mitan yo ansanm ak
tout lòt chèf ki nan peyi a. Se Seyè a menm ki di sa. **4**
Seyè a di konsa: Moun peyi Jida yo ap plede fè peche
sou peche san rete. Mwen fin pran desizyon m', mwen
p'ap chanje lide. Yo voye sa mwen te moutre yo a jete.
Yo p'ap fè sa m' te ba yo lòd fè a. Yo kite menm zidòl
zansèt yo te sèvi a fè yo pèdi wout yo. **5** Se poutèt sa,
m'ap voye dife nan peyi Jida a. L'a boule gwo kay lavil
Jerizalèm yo ra tè. **6** Seyè a di konsa: Moun pèp Izrayèl
yo ap plede fè peche sou peche san rete. Mwen fin pran
desizyon m', mwen p'ap chanje lide. Yo pran moun serye
ki pa ka peye dèt yo, yo vann yo tankou esklav. Yo pran
pòv malere ki pa gen senk pou peye dèt yo, yo vann yo
pou gremesi. **7** Y'ap pilonnen malere anba pye yo. Y'ap
fè pòv yo vin pi pòv. Papa kou pitit al dèyè fi k'ap sèvi
nan kay la. Konsa, yo trennen non Bondye nan labou. **8**
Yo kouche bò lotèl yo sou rad moun te mete nan plan
lakay yo. Nan tanp bondye yo a y'ap bwè bweson yo te fè
moun bay pou amann. **9** Men, nou menm pèp mwen, se
pou nou mwen te detwi moun Amori yo nèt, yon bann
moun ki te wo tankou pye palmis, ki te gen kouraj tankou
pye bwadchenn. Mwen koupe branch yo ra tè. Mwen
dechouke rasin yo. **10** Mwen fè nou soti kite peyi Lejip.
Mwen mennen nou pandan karantan nan dezè a. Mwen
ban nou peyi moun Amori yo pou peyi pa nou. **11** Mwen
te chwazi kèk nan pitit gason nou yo pou sèvi m' prèt, ak
kèk nan jenn gason nou yo pou yo ka vin nazirit. Se pa
konsa sa te fèt vre, moun Izrayèl? Se mwen menm, Seyè
a, ki di sa. **12** Men, nou fè nazirit yo bwè diven, nou bay
pwofèt yo lòd pou yo pa bay mesaj mwen ba yo pou pèp
la. **13** Koulye a, mwen pral kraze nou anba pye m' menm
jan yon kabwèt chaje ap foule tè. **14** Nou te mèt konn
kouri, nou p'ap chape. Gwonèg kou nou gwonèg, sa p'ap
sèvi nou anyen. Vanyan kou nou vanyan, nou p'ap ka
sove pwòp tèt nou. **15** Moun k'ap tire flèch yo p'ap ka rete
kanpe. Moun k'ap kouri vit yo p'ap ka chape. Kavalye
sou chwal p'ap ka sove lavi yo. **16** Jou sa a, ata sòlda ki
pi vanyan yo ap lage zam yo atè, y'ap kouri met deyò
tankou manman yo te fè yo. Se Seyè a menm ki di sa.

3 Nou menm pèp Izrayèl, tande mesaj Seyè a te bay
sou nou, sou nasyon li te fè soti kite peyi Lejip la.
2 Nan tout pèp ki sou latè, se nou menm sèl mwen te
chwazi, se nou menm ase mwen te okipe. Se poutèt sa,
m'ap pini nou pou tout peche nou fè yo. **3** Ou janm wè de
moun pati ansanm al nan vwayaj san yo pa t' antann yo
anvan? **4** Ou janm tande yon lyon gwonde nan rakbwa
san li pa gen tan jwenn sa pou l' manje a anvan? Ou janm
tande yon jenn ti lyon ap gwonde nan twou li san li pa gen
anyen nan bouch li? **5** Ou janm wè yon zwezo desann
atè vin pran nan pèlen si yo pa mete manje nan pèlen
an anvan? Ou janm wè yon pèlen pati si pa gen bèt ki
pran ladan l'? **6** Ou janm wè yo kònen klewon pou fè
konnen lagè pral konmanse pou kè moun pa kase? Eske

malè ka tonbe sou yon lavil si se pa Seyè a ki lakòz? **7** Konsa tou, ou mèt sèten, Seyè a p'ap janm fè anyen
san li pa fè pwofèt yo, moun k'ap sèvi l' yo, konnen. **8** Lè lyon gwonde, ki moun ki p'ap gen kè kase? Lè Seyè a
pale, ki moun ki ka enpoze pwofèt yo bay mesaj la? **9** Men sa pou ou fè moun ki rete nan gwo kay peyi Lejip ak
nan peyi Asdòd yo konnen: Nou tout, sanble sou mòn Samari yo. Vin wè ki kalite dezòd ki gen la, ki kantite krim
k'ap fèt la. **10** Yo pa konn jan pou yo fè sa ki dwat devan Bondye. Se mwen menm, Seyè a, ki di sa. Yo plen kay yo
ak bagay yo pran nan vòlò ak nan sasinen moun. **11** Se sa ki fè, men sa Seyè a, Bondye a, di: Yon lènmi gen pou
vin sènen peyi a, l'a kraze tout fò k'ap pwoteje ou yo, l'ap piye tout gwo kay ou yo. **12** Seyè a di konsa: Lè yon lyon
fin devore yon ti mouton, tou sa gadò a resi sove se renk de pye ak yon ti moso zòrèy. Konsa tou, se de twa nan
moun pèp Izrayèl ki rete lavil Samari yo k'ap sove, yo menm ki rete nan yon ti kwen kay, sou yon moso kabann.
13 Koute byen. Avèti pitit pitit Jakòb yo. Men sa Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a, di: **14** Lè jou a rive pou m'
pini pèp Izrayèl la pou peche l' yo, m'a detwi tout lotèl ki nan lavil Betèl la. Kòn lotèl yo ap kase, y'ap tonbe atè. **15**
M'ap detwi kay yo fè pou sezon fredi ak kay yo fè pou sezon chalè. M'ap demoli kay yo fè ak ivwa yo ra tè. Tout
gwo kay yo pral disparèt. Se Seyè a menm ki di sa.

4 Nou menm, gwo fanm peyi Samari yo, nou gra tankou
manman bèf Bazan. N'ap maltrete malere yo, n'ap peze pòv yo, epi n'ap di mari nou yo pote diven ban nou
bwè. **2** Koute sa Seyè a di: Seyè a se yon moun apa. Se yon Bondye tout bon. Li fè sèman sou tèt li. Li di
konsa: Yon jou gen pou rive, y'ap fwennen nou tankou pwason ki pran nan zen. Y'ap pote nou tout ale. **3** Y'a fè
nou pase nan twou ki nan miray la, de pye devan, yonn apre lòt. Y'ap voye nou jete deyò. Se Seyè a menm ki
di sa. **4** Seyè a di konsa: Nou menm, pèp Izrayèl, se sa! Moute nan tanp lavil Betèl yo, al fè peche! Ale lavil
Gilgal, peche kont kò nou! Chak maten, mennen bèt pou yo touye tankou ofrann bay Bondye! Chak twa jou, pote
ladim nou! **5** Ale non! Ofri pen nou bay Bondye pou di l' mèsi! Mache di toupatou jan nou fè ofrann ak tout kè nou
bay Bondye! Apa konsa nou renmen fè, pèp Izrayèl! Se Seyè a menm ki di sa. **6** Se mwen menm ki te fè grangou
tonbe sou tout lavil nou yo, kifè nou pa t' ka jwenn manje lakay nou. Malgre sa, nou pa tounen vin jwenn mwen. Se
Seyè a menm ki di sa. **7** Lè jaden nou tapral pote rekòt, mwen pa t' kite lapli tonbe. Mwen voye lapli sou yon lavil,
mwen fè yon lòt rete san yon grenn lapli. Yon jaden jwenn lapli, yon lòt menm ap mouri. **8** Moun soti nan de twa lavil
ale nan yon lavil nan vwazinaj al mande dlo, men pa t' gen ase pou yo tout bwè. Malgre sa, nou pa tounen vin
jwenn mwen. Se Seyè a menm ki di sa. **9** Mwen voye yon van cho kou dife boule tout rekòt yo. Krikèt vèt manje
tout jaden nou yo ak tout pye rezen nou yo, tout pye fig frans nou yo ak tout pye oliv nou yo. Malgre sa, nou pa
tounen vin jwenn mwen. Se Seyè a menm ki di sa. **10** Mwen voye malè sou nou tankou malè mwen te voye
sou peyi Lejip la. Mwen touye jenn gason nou yo nan lagè. Mwen te pran tout chwal nou yo mennen ale. Sant
kadav moute nan nen nou tout kote nou rete a. Malgre sa, nou pa tounen vin jwenn mwen. Se Seyè a menm ki
di sa. **11** Mwen detwi kèk nan nou, menm jan mwen te detwi moun Sodòm ak moun Gomò yo. Sa ki te sove nan
nou yo, se tankou yon bout bwa ki pran dife, epi yo kouri wete l' nan dife a pou li pa fin boule. Malgre sa, nou pa
tounen vin jwenn mwen. Se Seyè a menm ki di sa. **12** Se poutèt sa, nou menm moun pèp Izrayèl, mwen pral
pini nou. E paske mwen pral pini nou konsa a, nou mèt pare kò nou pou n'a l' kontre ak Bondye nou an. **13** Se
Bondye ki te fè mòn yo. Se li menm ki te kreye van yo. Li fè lèzòm konnen lide li gen nan tèt li. Li fè lajounen soti
nan lannwit. L'ap gouvènen sou tout latè. Se poutèt sa, men jan yo rele l': Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a.

5 Nou menm, moun pèp Izrayèl, koute chante m'ap
chante nan lapenn mwen gen pou nou: **2** Pèp Izrayèl la tankou yon jenn fi. Li tonbe. Li p'ap janm leve ankò.
Men li kouche atè a. Pa gen pesonn pou ba l' men. **3** Seyè a di konsa: Lè yon lavil nan peyi Izrayèl la voye mil
(1000) sòlda nan lagè, se san (100) ase ki tounen. Lè yon lòt lavil voye san (100) se dis ase ki tounen. **4** Seyè a
pale ak pèp Izrayèl la, li di l' konsa: Tounen vin jwenn mwen, n'a gen lavi. **5** Pa al chache m' lavil Betèl. Pa ale
lavil Gilgal. Pa moute ale bò Bècheba al fè sèvis. Betèl pa la pou lontan. Yo gen pou yo depòte moun Gilgal yo voye
yo nan peyi etranje. **6** Chache vin jwenn Seyè a, n'a gen lavi. Si se pa sa, l'ap tonbe sou pèp Izrayèl la tankou dife.
Dife a ap boule lavil Betèl. Pesonn p'ap ka tenyen l'. **7** Adye! N'ap vire lajistis lanvè, n'ap pilonnen dwa pèp la
anba pye nou! **8** Se Seyè a ki te fè zetwal yo, Lapousiyè ak Oryon. Li fè lannwit tounen lajounen, li fè lajounen
tounen lannwit. Li rele dlo lanmè a, li vide l' sou tout latè. Yo rele l' Seyè. Wi, se konsa yo rele l'. **9** Li rale malè sou
gwo chèf yo, li fè kraze sitadèl yo nèt. **10** Nou pa vle wè moun k'ap denonse lenjistis. Nou pa vle wè moun k'ap di
verite nan tribinal. **11** Nou fin peze pòv malere yo, nou fòse yo ban nou nan rekòt jaden yo. Se poutèt sa, nou
p'ap rete nan bèl gwo kay an wòch nou bati yo, ni nou p'ap bwè diven ki fèt ak rezen ki soti nan bèl jaden nou te
plante yo. **12** Mwen konnen tou jan peche nou fè yo gwo anpil, jan se pa de ti krim nou pa fè. Nou pèsekite moun
serye. Nou pran lajan nan men moun k'ap achte figi nou. Nou enpoze pòv malere yo jwenn jistis nan tribinal. **13** Se
poutèt sa, yon moun ki gen konprann, se je wè bouch pe. Tan an twò move deyò a. **14** Chache fè sa ki byen pou
nou ka viv. Pa fè sa ki mal. Lè sa a, Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a, va kanpe avèk nou jan n'ap plede di
l' la. **15** Rayi sa ki mal, renmen sa ki byen. Pa kite yo fè lenjistis nan tribinal. Nou pa janm konnen, Seyè a ka
gen pitye pou ti rès ki rete nan pitit pitit Jozèf yo. **16** Se poutèt sa, men sa Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a,

di: Moun pral mache nan tout lari, yo pral rele nan tout
kalfou: Mezanmi, mezanmi, ki lapenn sa a! Yo pral rele
tout moun vin nan lanmò a. Y'ap fè chache moun ki konn
rele yo pou yo vin kenbe rèl la. 17 Nan tout jaden moun
ap plenn. Tou sa, paske m'ap vin pini nou. Se Seyè a
menm ki di sa. 18 Sa pral rèd nèt pou moun ki anvi wè jou
Seyè a rive! Kisa jou sa a ap fè pou yo? Se pral yon jou
fènwa, se p'ap yon jou limyè. 19 Se va tankou yon nonm
k'ap kouri pou lapli, epi li tonbe larivyè. Ou ankò, tankou
yon moun ki rive lakay li, li mete men l' sou panno kay la,
epi yon krab zarenyen mòde l'. 20 Jou Seyè a ap vini an,
va fè nwa kou lank, p'ap fè klate. Se va yon jou fènwa,
san yon ti limyè. 21 Seyè a di konsa: Mwen pa vle wè
gwo fèt n'ap fè pou mwen yo. Mwen pa ka santi yo. Mwen
pa ka sipòte lè nou reyini pou fè sèvis pou mwen. 22 Lè
n'a pote bèt pou boule pou mwen, lè n'a fè m' ofrann gato,
sa p'ap fè m' plezi. Ni mwen p'ap menm gade bèt gra nou
pote vin ofri m' pou di m' mèsi. 23 Sispann chante kantik
nou yo nan zòrèy mwen. Mwen pa vle tande mizik gita
nou yo ankò. 24 Tankou dlo k'ap kouri larivyè, se pou nou
rann tout moun jistis nan peyi a. Tankou yon kouran dlo
k'ap kouri san rete, se pou nou toujou fè sa ki dwat. 25
Nou menm, moun Izrayèl, pandan karantan nou pase nan
dezè a, nou janm ofri bèt pou touye pou mwen? Nou janm
ofri m' gato? 26 Se konsa, koulye a nou gen pou nou pote
lakay nou pòtre nou te fè pou nou yo: pòtre Sakit, wa
nou an, ak pòtre zetwal Kevan an, bondye n'ap sèvi a.
27 M'ap depòte nou nan yon peyi lòt bò Damas. Men sa
Seyè a di, li menm yo rele Bondye ki gen tout pouvwa a.

6 Sa pral rèd nèt pou moun k'ap mennen lavi dous nan
peyi Siyon an, pou moun sou mòn Samari ki kwè pa
gen danje pou yo! Yo pase pou lelit nan peyi Izrayèl,
premye peyi sou latè. Se bò kote yo pèp la ap kouri vini.
Yo di: 2 Al gade sa k'ap pase lavil Kalne. Apre sa, ale
pase bò gwo lavil Amat la. Lèfini, desann kay moun Filisti
yo lavil Gat. Eske zafè yo pi bon pase zafè peyi Jida ak
zafè peyi Izrayèl? Eske peyi yo a pi gran pase pa nou yo?
3 N'ap twonpe tèt nou, nou refize admèt jou malè a fin
rive sou nou. Men, se nou menm ankò k'ap rale malè
sou peyi a. 4 Sa pral rèd nèt pou moun ki kouche sou
bèl kabann, k'ap layite kò yo sou bon matla dous, k'ap
manje jenn ti mouton ak jenn ti bèf! 5 Y'ap plede ranse
pandan gita ap jwe. Yo kwè yo jwe mizik tankou David. 6
Y'ap bwè diven san gad dèyè, y'ap pase pi bon kalite
odè ki genyen sou yo. Men, yo pa gen lapenn pou malè
k'ap tonbe sou pitit pitit Jozèf yo. 7 Se poutèt sa, premye
moun y'ap depòte se yo menm. Sosyete moun k'ap fè
banbòch yo va disparèt. 8 Seyè a, Bondye sèl Mèt la, te
fè sèman sou tèt li. Men avètisman Seyè a, Bondye ki
gen tout pouvwa a, bay: Mwen pa ka sipòte lògèy pèp
Izrayèl la gen nan kè li. Mwen pa ka wè gwo kay y'ap
plede bati yo. M'ap lage kapital la nan men lènmi ak tout
moun ladan l'. 9 Si gen dis gason nan yon kay ki rete,
y'ap touye yo. 10 Lè yon fanmi moun mouri a va vin pran
kadav la anndan kay la pou li al antere l', l'a pale ak moun
ki nan fon kay la, l'a mande: Eske gen moun la ankò ak
ou? Yon vwa va reponn: Non, pa genyen. Lè sa a, l'a di:
Pe bouch nou! Pa nonmen non Bondye nan bagay sa a!
11 Men lòd Seyè a bay: Y'ap kraze gwo kay yo an miyèt
moso. Y'ap demoli ti kay yo. 12 Eske chwal ka kouri sou
glasi? Eske moun ka raboure lanmè avèk bèf? Men nou
menm, nou fè lajistis tounen pwazon, nou fè inonsan pase
pou koupab. 13 Nou fè kè nou kontan paske nou pran
lavil Lodeba. N'ap plede di: O wi, se avèk fòs kouraj nou
nou pran kòn lan. 14 Men sa Seyè a, li menm ki Bondye
ki gen tout pouvwa a, di: Nou menm, moun Izrayèl, m'ap
fè yon nasyon leve dèyè nou. Wi, se mwen menm menm
k'ap fè sa, yon nasyon k'ap pran peyi a nan men nou, yon
nasyon ki pral peze nou depi nan pas Amat nan nò rive
jouk ravin Araba nan sid.

7 Se konsa Seyè a, Bondye a, fè m' fè yon vizyon. Nan
vizyon an mwen wè Seyè a t'ap fè yon rafal krikèt vèt.
Se te nan epòk yo te fin koupe pòsyon pa wa a nan jaden
yo. Chak plant yo te fèk ap boujonnen ankò. 2 Lè krikèt
vèt yo te fin manje plant ki te nan peyi a, mwen di: -Tanpri,
Seyè, Bondye, padonnen pèp ou a. Ki jan pou pitit pitit
Jakòb yo fè kanpe ankò? Yo tou fèb. 3 Seyè a chanje
lide. Li di: -Sa ou te wè a p'ap rive ankò. 4 Se konsa,
Seyè a, Bondye a, fè m' fè yon lòt vizyon. Nan vizyon an,
mwen wè Seyè a t'ap voye yon dife pou l' devore pèp la
pou pini l'. Dife a te fin boule gwo lanmè ki anba tè a, li
t'ap devore tout jaden. 5 Mwen di: -Tanpri, Seyè, Bondye,
pa fè sa. Ki jan pou pitit pitit Jakòb yo fè kanpe ankò? Yo
tou fèb. 6 Seyè a chanje lide, li di: -Sa a tou p'ap rive. 7
Se konsa, Seyè a fè m' fè yon lòt vizyon ankò. Nan vizyon
an, mwen wè Seyè a te kanpe bò yon mi yo te moute tou
dwat. Li te gen yon filaplon nan men l'. 8 Lè sa a, Seyè a
mande m': -Kisa ou wè la a, Amòs? Mwen reponn li: -Yon
filaplon. Lè sa a, li di m': -M'ap sèvi ak filaplon sa a pou
m' fè pèp la konnen li tankou yon miray ki panche prèt
pou tonbe. Mwen p'ap fè pa yo ankò. 9 Mwen pral kraze
tout kote pitit pitit Izarak yo te konn adore m' sou mòn yo.
Mwen pral fè tout kay pitit pitit Izrayèl yo te mete apa pou
mwen yo tounen mazi. M'ap fè lagè ak fanmi Jewoboram
lan, m'ap wete gouvènman an nan men yo. 10 Amatsya,
prèt nan lavil Betèl la, voye di Jewoboram, wa Izrayèl la: -
Men Amòs ap moute konplo sou do ou nan mitan pèp
Izrayèl la. Li soti pou l' fini ak peyi a ak pawòl l'ap di yo.
11 Men sa l'ap mache di: Jewoboram gen pou l' mouri nan
lagè. Y'ap pran moun Izrayèl yo lakay yo, y'ap depòte yo
byen lwen nan peyi etranje. 12 Apre sa, Amatsya pale ak
Amòs, li di l' konsa: -Divinò, al fè wout ou. Ale vit nan
peyi Jida a! Al bay mesaj ou yo laba. Y'a peye ou pou
sa! 13 Men isit la, lavil Betèl, pito ou sispann bay mesaj
ou yo si ou konn bout! Paske, se isit la wa a vin adore.
Se yon tanp nasyonal pou tout peyi a. 14 Amòs reponn
Amatsya: -Monchè, pwofèt pa metye m'. Nitou, mwen pa
fè pati sosyete moun k'ap fè metye pwofèt. Metye m' se
gade bèt, se okipe pye sikomò. 15 Men, Seyè a pran m'
nan pye travay mwen, dèyè bèt mwen yo, li ban m' lòd

pou m' al fè pèp Izrayèl la konnen mesaj li voye ba yo.
16 Koulye a menm, koute pawòl Seyè a voye di ou: Ou
menm w'ap mande m' pou m' pa bay ankenn mesaj sou
pèp Izrayèl la, pou m' sispann pale sou pitit Izarak yo. 17
Poutèt sa, Amatsya, men sa Seyè a di: Madanm ou ap
tounen jennès nan lavil la! Pitit gason ou yo ak pitit fi ou
yo ap mouri nan lagè! Y'ap pran tè ou yo, y'ap separe yo
moso pa moso. Ou menm, ou gen pou ou mouri nan yon
peyi etranje kote yo pa sèvi Seyè a. Pèp Izrayèl la menm,
y'ap pran l', y'ap depòte l' byen lwen peyi l'.

8 Se konsa, Seyè a, Bondye a, fè m' fè yon lòt vizyon.
Nan vizyon an, mwen wè yon panyen plen fwi mi. 2
Seyè a mande m': -Kisa ou wè la a, Amòs? Mwen reponn:
-Yon panyen fwi mi. Lè sa a, Seyè a di m' konsa: -Izrayèl,
pèp mwen an, mi tou. Li rive sou dènye jou l' yo. Mwen
p'ap chanje lide pou m' fè pa l' ankò. 3 Jou sa a, se p'ap
chante ki va gen nan palè a, se va rèl. Se Seyè a menm ki
di sa. Va gen anpil kadav toupatou. Y'a voye yo jete san
di krik. 4 Koute byen sa m'ap di nou la a, nou menm k'ap
kraze pòv malere yo anba pye nou, nou menm k'ap fini ak
malere yo nan peyi a. 5 N'ap plede di: Kilè fèt lalin nouvèl
lan va pase pou nou ka vann diri nou? Kilè jou repo a va
pase pou nou ka louvri depo nou yo pou nou vann? Lè sa
a, n'a moute pri tout bagay, n'a sèvi ak fo mezi, n'a ranje
balans yo pou nou ka twonpe pratik yo. 6 N'a pran moun
serye ki pa ka peye dèt yo, n'a achte yo pou sèvi esklav.
N'a pran pòv malere ki pa gen senk, n'a achte yo pou pri
yon pè sapat. N'a vann ata pay diri a pou gwo lajan. 7
Seyè a fè sèman sou tèt li, li menm ki Bondye pèp Izrayèl
la: Mwen p'ap janm bliye yonn nan move zak nou fè yo. 8
Se konsa latè pral pran tranble. Tout moun nan peyi a
pral pran rele. Tout peyi a pral souke. L'ap moute, l'ap
gonfle, apre sa l'ap desann tankou dlo larivyè Nil nan peyi
Lejip. 9 Men pawòl Seyè a, Bondye a: Jou sa a, m'ap fè
solèy la kouche gwo midi. Fènwa ap tonbe sou peyi a
gwo lajounen. 10 M'ap fè nou sispann fè fèt. N'a nan gwo
lapenn. M'ap fè nou sispann chante, n'a nan rele. M'ap fè
nou mete rad sak kòlèt sou nou. N'a kale tèt nou. M'ap fè
nou tonbe nan lapenn tankou moun k'ap kriye pou sèl pitit
gason yo ki mouri. Se nan kè sere jounen sa a ap fini pou
tout moun. 11 Men yon jou gen pou rive. Jou sa a, mwen
pral voye yon sèl grangou sou peyi a. Se p'ap dèyè pen
pou yo manje, ni dèyè dlo pou yo bwè y'a kouri. Men, se
mesaj ki soti nan bouch Seyè a y'a anvi tande. Se Seyè a
menm ki di sa. 12 Lè sa a, moun va pran kouri soti nan n
o al nan sid, soti nan lès al nan lwès. Y'a mache toupatou
ap chache yon pawòl nan bouch Seyè a. Men, yo p'ap
jwenn. 13 Nan tan sa a, bèl jenn fi yo ak jenn gason yo va
tonbe feblès paske yo p'ap jwenn sa y'ap pwonmennen
chache a. 14 Kanta pou moun k'ap fè sèman sou Achima,
zidòl peyi Samari a, moun sa yo k'ap plede di: Anverite
bondye Dann lan! Anverite bondye Bècheba a! yo gen
pou yo tonbe pou yo pa janm ka leve ankò.

9 Mwen fè yon vizyon, mwen wè Seyè a kanpe sou lotèl
la. Li di konsa: -Frape tèt poto tanp lan jouk tout galeri
a tranble. Kraze tèt poto yo pou yo tonbe an miyèt moso
sou tèt moun yo. Rès ki pa mouri a, m'ap touye yo nan
lagè. Yo yonn p'ap chape, yo yonn p'ap sove. 2 Menm si
yo fouye twou pou yo antre nan peyi kote mò yo ye a,
m'ap rale yo met deyò. Menm si yo ta moute anwo nan
syèl la, m'ap rale yo desann. (Sheol h7585) 3 Si y' al kache
sou tèt mòn Kamèl, m'ap chache yo, m'ap mete men sou
yo. Si y' al kache pou mwen nan fon lanmè, m'ap bay
gwo sèpan lanmè a lòd pou l' mòde yo. 4 Si lènmi fè yo
prizonye pou l' ta mennen yo ale kite peyi yo a, m'ap bay
lòd touye yo. M'ap voye je m' sou yo. Men, fwa sa a, se
p'ap pou byen yo, se va pou malè yo. 5 Seyè a, Bondye
ki gen tout pouvwa a, ap annik manyen latè, latè ap pran
tranble. Tout moun ki rete sou latè ap nan lapenn. Latè ap
moute, l'ap gonfle, epi l'ap bese tankou dlo larivyè Nil. 6
Seyè a bati kay li anwo nan syèl la. Li mete vout syèl la
anlè latè. Li rale dlo lanmè a, li vide l' sou tout latè. Yo rele
li Seyè. Wi, se konsa yo rele l'. 7 Men sa Seyè a di ankò:
Nou menm, moun Izrayèl yo, mwen konsidere nou koulye
a menm jan ak moun Letiopi yo. Se mwen menm, pa vre,
ki te fè pèp Izrayèl la soti kite peyi Lejip? Se pa mwen
menm tou ki te fè moun Filisti yo soti kite lil Lakrèt, epi ki
te fè moun Siri yo soti lavil Kir? 8 Mwen voye je m' sou
pèp Izrayèl la, mwen wè jan yo lage kò yo nan fè sa ki
mal. Mwen pral disparèt yo sou latè. Men, mwen p'ap fin
touye tout pitit Jakòb yo nèt. Non. Mwen pa ka fè sa. Se
mwen menm, Seyè a, ki di sa. 9 Men, mwen pral pase
yon lòd. Mwen pral vannen moun Izrayèl ki nan mitan lòt
nasyon yo tankou yo vannen grenn nan laye. Pa menm
yon bon grenn p'ap tonbe atè. 10 Tout moun nan pèp la
k'ap fè sa ki mal pral mouri nan lagè. Yo tout k'ap plede
di: O wi, Bondye p'ap kite malè rive nou, ni li p'ap kite
malè tonbe sou nou, yo tout pral mouri nan lagè. 11 Seyè
a di: Yon jou gen pou rive! Jou sa a, m'a mete peyi wa
David la kanpe ankò sou de pye l'. Koulye a li tankou yon
kay k'ap fin kraze. Lè sa a, m'a repare tout kote ki fann
yo. M'a refè miray ki te fin kraze yo. M'ap rebati peyi a
jan l' te ye nan tan lontan an. 12 Konsa, pèp Izrayèl la
va pran posesyon pòsyon ki rete nan peyi Edon an. Y'a
donminen ankò sou lòt nasyon mwen te fè yo. Se Seyè a
ki di sa, se li menm menm k'ap fè sa rive konsa! 13 Jou
yo ap vini. Lè sa a, yo p'ap kò fin ranmase rekòt, y'ap gen
tan ap pare tè pou plante ankò. Yo p'ap kò fin kraze rezen
pou fè diven, y'ap gen tan ap pare pou mete pye rezen
nan tè ankò. Diven byen dous ap koule sou tout mòn yo,
l'ap koule desann sou tout ti mòn yo. Se Seyè a menm ki
di sa. 14 M'ap mennen pèp mwen an tounen nan peyi l'
ankò. Y'a rebati lavil ki te fin kraze yo, y'a rete ladan yo.
Y'a plante jaden rezen, y'a bwè diven. Y'a fè bèl jaden, y'a
manje rekòt jaden yo. 15 M'a plante pèp mwen an nan
peyi yo a, nan peyi mwen te ba yo a. Pesonn p'ap janm
ka derasinen yo ankò. Se Seyè a, Bondye a, ki pale.

Abdias

1 Mesaj pwofèt Abdyas sou peyi Edon. Men mesaj Seyè
a te ban mwen: Nou te tande mesaj Seyè a te bay la. Li
te voye mesaj li a nan tout nasyon yo pou di yo: Annavan!
Leve non! Ann mache pran Edon! Ann al goumen avè l'!
2 Men sa Seyè a di moun peyi Edon yo: Mwen pral fè peyi
nou an vin tou fèb nan mitan lòt nasyon yo. Tout moun
pral meprize nou nèt! 3 Se awogans nou ki fè nou pèdi tèt
nou. Nou bati kapital nou sou tèt gwo wòch yo. Nou moute
kay nou byen wo nan mòn yo. Epi n'ap di nan kè nou: Ki
moun ki ka fè nou desann la a! 4 Nou te mèt bati kay nou
byen wo tankou nich malfini, nou te mèt mete nich nou
byen wo tankou si li te nan mitan zetwal yo, m'ap voye
nou jete anba, m'ap fè nou desann. Se Seyè a menm ki di
sa. 5 Lè vòlò antre lakay moun lannwit pou piye, yo annik
pran sa yo bezwen. Lè moun ap ranmase rekòt rezen, yo
toujou kite dèyè pou moun k'ap vin grapiye yo. Men, gade
jan lènmi ravaje nou nèt ale non! 6 Yo fouye toupatou nan
peyi Ezaou a. Yo pran tout trezò nou te kache yo. 7 Tout
moun ki te mete tèt ansanm avè nou yo woule nou byen
woule. Yo mete nou deyò nan pwòp peyi nou an. Moun ki
te pi bon zanmi nou yo twonpe nou byen twonpe. Moun ki
te konn manje sou tab ansanm ak nou pare pèlen pou
nou. Nou menm, nou pa menm wè sa! 8 Seyè a di konsa:
-Jou m'ap pini moun Edon yo, m'ap disparèt tout moun ki
gen bon konprann nan peyi a, tout moun lespri ki rete sou
mòn Ezaou a. 9 Sòlda lavil Teman yo pral tranble nan
kanson yo. Yo pral masakre tout gason peyi Edon ki konn
goumen. 10 Paske nou te masakre pitit pitit Jakòb yo,
kouzen nou yo, paske nou te fè yo anpil mechanste, yo
pral fè nou wont, yo pral disparèt nou nèt. 11 Nou te rete
kanpe la ap gade, lè moun lòt nasyon yo t'ap piye tout
richès yo. Nou pa t' pi bon pase etranje yo ki te defonse
pòtay yo lè sa a, ki te separe bay chak moun tout richès
lavil Jerizalèm yo. Nou menm tou, nou te fè menm bagay
la. 12 Nou pa t' dwe kontan wè kouzen nou yo nan malè.
Nou pa t' dwe kontan wè y'ap fini ak moun fanmi Jida yo.
Nou pa t' dwe pase yo nan rizib, lè yo te nan tray. 13 Nou
pa t' dwe janbe pòtay lavil pèp mwen an pou nou te antre
ladan l', jou malè te tonbe sou yo a. Nou pa t' dwe kontan
wè jan y'ap soufri, jou malè te tonbe sou yo a. Nou pa t'
dwe mete men nou sou byen yo, jou malè te tonbe sou yo
a. 14 Nou pa t' dwe kanpe nan kalfou yo pou nou touye
sa ki t'ap chache chape kò yo. Nou pa t' dwe lage sa ki pa
t' mouri yo nan men lènmi yo, jou malè te tonbe sou yo a.
15 Jou a pa lwen rive, kote mwen menm, Seyè a, mwen
pral jije tout nasyon yo. Nou menm moun peyi Edon, sa
nou te fè a, se sa yo pral fè nou tou. Yo pral fè nou sibi
tou sa nou te fè lòt yo sibi. 16 Pèp mwen an pase pa l'
anba men mwen sou mòn ki apa pou mwen an. Konsa
tou, tout nasyon yo pral pran pa yo san rete. Yo pral pran
jouk yo p'ap kapab ankò. Yo pral disparèt tankou si yo pa
t' janm la. 17 Men, sou mòn Siyon an, kèk moun pral
sove. Se yon kote ki pral apa nèt pou mwen. Moun fanmi
Jakòb yo pral reprann tout peyi lènmi te wete nan men yo.
18 Moun fanmi Jakòb yo pral tankou dife. Pitit pitit Jozèf
yo pral tankou yon flanm dife. Yo pral detwi pitit Ezaou
yo nèt tankou dife nan zèb chèch. Pesonn nan fanmi
Ezaou a p'ap chape. Se mwen menm, Seyè a, ki di sa. 19
Moun pèp Izrayèl ki rete nan zòn Negèv la pral pran mòn
Ezaou a pou yo. Moun pèp Izrayèl ki rete nan plenn ki
nan pye mòn Jida yo pral pran peyi moun Filisti yo nan
men yo. Moun pèp Izrayèl yo pral pran peyi Efrayim ak
peyi Samari pou yo. Moun Benjamen yo pral pran peyi
Galarad la pou yo. 20 Nan moun yo te depòte yo, sòlda ki
moun nan nò peyi Izrayèl la va pran peyi Kanaran an pou
yo, rive lavil Sarepta. Men, moun lavil Jerizalèm yo te
depòte nan peyi Sefara a va pran tout lavil Negèv yo pou
yo. 21 Yo tout, y'a moute sou mòn Siyon an pou delivre l'.
Se yo ki va gouvènen tout mòn Ezaou a. Lè sa a, se Seyè
a menm ki va sèl wa.

Jonas

1 Yon jou, Seyè a pale ak Jonas, pitit gason Amitayi a,
2 li di l' konsa: -Leve non. Ale lavil Niniv, gwo kapital la.
Al fè moun la konnen mechanste yo rive jouk nan zòrèy
mwen. **3** Men lè sa a, Jonas leve, li pati nan direksyon
Tasis, paske li t'ap kouri pou Seyè a. Li desann lavil Jope.
Rive la, li jwenn yon batiman ki t'ap pare pou pati pou
Tasis. Li peye pasaj li. Li moute abò batiman an avèk
marin yo. Li pati pou Tasis, paske li t'ap kouri pou Seyè
a. **4** Men, Seyè a voye yon gwo van sou lanmè a. Yon
sèl gwo van tanpèt leve, batiman an te prèt pou koule.
5 Marin yo te pè anpil. Chak moun t'ap lapriyè bondye
pa yo. Pou yo te ka soulaje batiman an, yo lage dènye
chay nan lanmè. Jonas menm poutèt pa l' te desann nan
lakal batiman an, li kouche kouche l'. Dòmi pote l' ale. **6**
Kaptenn batiman an al jwenn li, li di l' konsa: -Ey! Apa se
dòmi w'ap dòmi? Leve non, monchè. Lapriyè bondye ou
la. Ou pa janm konnen, li ka gen pitye pou nou, li ka pa
kite nou mouri. **7** Apre sa, marin yo yon di lòt: -Ann tire
osò pou n' konnen ki moun ki lakòz sa rive nou. Yo tire
osò, epi se non Jonas ki soti. **8** Epi yo di l': -Di nou sa ki
lakòz malè sa a rive nou. Sa w'ap fè isit la? Kote ou soti?
Moun ki peyi ou ye? Ki nanchon ou? **9** Jonas reponn yo: -
Mwen se ebre. Mwen gen krentif pou Seyè a, Bondye
ki fè syèl la, lanmè a ak tè a. **10** Jonas pale ak yo, li di
yo ki jan li t'ap kouri pou Seyè a. Marin yo te sezi yon
sèl sezi. Yo di l' konsa: -Sa ou fè konsa, monchè? **11**
Lanmè a t'ap vin pi move chak lè. Yo di l': -Sa pou nou fè
ak ou pou lanmè a vin kal? **12** Jonas reponn yo: -Pran m',
lage m' nan lanmè. Lanmè a va kal nèt. Mwen konnen se
mwen menm menm ki lakòz nou pran nan van tanpèt sa
a. **13** Marin yo menm t'ap naje zaviwon pou wè si yo ta
mennen batiman an ale atè. Men, yo pa t' kapab, lanmè a
t'ap vin pi move toujou. **14** Lè yo wè sa, yo rele nan pye
Seyè a, yo lapriyè l' konsa: -O Seyè! Tanpri, pa kite nou
mouri poutèt nonm sa a. Pa rann nou reskonsab lanmò
yon moun ki inonsan. Paske, se ou menm, Seyè, ki vle
l' konsa. **15** Epi yo pran Jonas, yo lage l' nan lanmè.
Lamenm, kalmi fèt. **16** Lè marin yo wè sa, yo te vin pè
Seyè a anpil. Yo ofri bèt pou touye ba li. Yo pwomèt pou
yo sèvi l'. **17** Seyè a fè yon gwo pwason vin vale Jonas.
Jonas te pase twa jou twa nwit nan vant pwason an.

2 Antan li te nan vant pwason an, Jonas lapriyè Seyè
a, Bondye li a, li di: **2** Nan mizè mwen te ye a, Seyè,
mwen te rele nan pye ou, ou te reponn mwen. Byen fon
nan peyi kote mò yo ye a, mwen te mande ou sekou, ou
te tande vwa mwen. **(Sheol h7585)** **3** Ou te voye m' jete
byen fon, nan fon lanmè. Dlo te sènen m' toupatou. Tout
kouran dlo ak tout lanm lanmè yo te pase sou mwen.
4 Mwen t'ap di nan kè m': Gen lè ou voye m' jete byen
lwen ou. Mwen p'ap janm wè kay ki apa pou ou a ankò!
5 Dlo yo kouvri m', yo te prèt pou neye m'. Lanmè a te fin
vale m', zèb lanmè te mare nan tout tèt mwen. **6** Mwen
desann, mwen desann, mwen rive jouk nan rasin mòn
yo, nan peyi kote sa ki antre pa soti. Men, Seyè, Bondye
mwen, ou rale m' soti nan twou a. Ou ban m' lavi ankò. **7**
Lè m' santi mwen taprale vre, mwen vin chonje ou, Seyè!
Mwen lapriyè nan pye ou. Kote ou chita nan tanp ki apa
ou a, ou tande m'. **8** Moun k'ap sèvi zidòl ki pa vo anyen
yo, se moun ki vire do bay Bondye ki bay favè a. **9** Men,
m'ap chante pou m' fè lwanj ou, m'a ofri bèt pou yo touye
pou ou. M'a kenbe angajman mwen te pran an. Se Seyè
a ki delivrans nou. **10** Lè sa a, Seyè a bay pwason an lòd
pou li vonmi Jonas sou rivaj lanmè a.

3 Bondye pale yon dezyèm fwa ankò ak Jonas, **2** li di
l' konsa: -Leve non! Ale lavil Niniv, gwo kapital la. Fè
yo konnen mesaj mwen te ba ou pou yo a. **3** Se konsa,
Jonas leve, li ale lavil Niniv jan Seyè a te di l' la. Niniv te
yon gwo lavil ki mande twa jou pou mache soti nan yon
bout ale nan lòt bout la. **4** Jonas antre nan lavil la. Li fè
yon jounen ap mache. Epi li pran pale ak moun yo. Li di
yo konsa: -Nan karant jou lavil Niniv pral disparèt. **5** Moun
lavil yo te kwè nan mesaj Bondye a. Yo bay lòd pou tout
moun, malere kou grannèg, rete san manje, pou yo mete
rad sak sou yo pou moutre jan yo nan lapenn pou tout
mal yo te fè. **6** Nouvèl la rive nan zòrèy wa lavil Niniv
la. Li leve sou fotèy li a, li wete bèl rad ki te sou li a, li
mete rad sak sou li. Lèfini, li chita atè nan sann dife. **7** Li
voye fè yon piblikasyon nan tout lavil la. Li di konsa: -Men
lòd wa a ansanm ak lòt chèf li yo bay: Pesonn pa pou
manje anyen. Ni moun, ni bèf, ni mouton, tout pou rete
san manje san bwè. **8** Tout moun va gen rad sak sou yo.
Tout bèt va nan lapenn. Tout moun va lapriyè Bondye ak
tout kè yo. Y'a kite tout move zak ak tout mechanste yo te
konn fè nan lavi yo. **9** Nou pa janm konnen, Bondye ka
chanje lide. L'a règrèt sa li tapral fè a, li p'ap fache sou
nou ankò. Konsa, nou p'ap mouri. **10** Bondye wè sa yo
t'ap fè a. Li wè yo te soti pou yo chanje lavi yo vre. Se
konsa li chanje lide. Li pa pini yo ankò jan li te di li tapral
pini yo a.

4 Jonas pa t' kontan menm lè li wè sa, sa te fè l' fache
anpil. **2** Li lapriyè Seyè a, li di l' konsa: -Aa Seyè! Men
sa m' t'ap di a wi, lè m' te nan peyi m' lan. Se sa menm wi,
mwen pa t' vle rive a. Se poutèt sa mwen te vle al kache
nan peyi Tasis. Mwen konnen ou: Ou se yon Bondye ki
gen bon kè, ki gen pitye pou nou. Ou pa fè kòlè fasil, ou
pa janm sispann renmen nou, se vre. Ou toujou pare pou
padonnen moun, pou chanje lide pou ou pa pini yo. **3**
Koulye a, Seyè, ou mèt tou touye m' fini ak sa. M' pito
mouri pase pou m' viv pou m' wè bagay sa a devan je m'!
4 Seyè a reponn li: -Ki rezon ou genyen pou ou fache
konsa? **5** Jonas kite lavil la, li ale sou bò solèy leve, li
chita. Lèfini, li fè yon tonèl, li chita nan lonbraj anba tonèl
la, l'ap tann pou l' wè sa ki pral rive nan lavil la. **6** Lè sa a,
Seyè a, Bondye a, fè yon ti pye masketi pouse. Li fè l' rive
yon ti wotè pi wo pase Jonas pou mete yon ti lonbraj sou
tèt li, pou li ka santi l' pi alèz. Jonas te kontan anpil lè li

wè pye masketi a. **7** Men, nan denmen maten, anvan
bajou kase, Bondye fè yon mawoka pike pye masketi a.
Pye masketi a mouri. **8** Lèfini, lè solèy fin leve, Bondye fè
yon sèl van lès soufle byen cho. Jonas te prèt pou pèdi
konesans avèk chalè solèy la ki t'ap bat li sou tèt. Msye
mande mouri, li di konsa: -Pito m' tou mouri m' fini ak sa!
9 Men, Bondye mande l' konsa: -Jonas, ou kwè ou gen
rezon fache konsa pou yon ti pye masketi? Jonas reponn
li: -Wi. Mwen gen rezon fache. M' fache pou m' mouri. **10**
Lè sa a, Seyè a reponn li: -An! Ou pran lapenn pou yon ti
pye masketi ki pa koute ou anyen. Se pa ou ki te fè l'
grandi. Li pran yon sèl nwit pou l' grandi. Apre yon sèl jou,
li mouri. **11** Epi ou pa ta vle m' pran lapenn pou lavil Niniv,
gwo kapital sa a, kote ki gen depase sanven mil (120.000)
timoun inonsan, moun ki pa konnen ni sa ki byen ni sa ki
mal, ansanm ak yon kantite bèt!

Miche

1 Men mesaj Seyè a te bay Miche, moun lavil Morechèt,
sou rèy Jotam, Akaz ak Ezekyas ki te wa nan peyi jida.
Men vizyon ki gen rapò ak Samari ak Jerizalèm Seyè a te
fè Miche wè. **2** Koute byen, nou menm tout nasyon yo.
Pare zòrèy nou, nou tout k'ap viv sou latè. Seyè a, Bondye
a, pral akize nou. Tande! Li rete nan tanp ki apa pou li a,
l'ap pale. **3** Seyè a ap soti kote li rete a, l'ap desann, l'ap
mache sou tèt mòn yo. **4** Mòn yo ap fonn anba pye l'
tankou lasi nan dife. Y'ap koule desann nan fon yo tankou
lavalas k'ap desann mòn. **5** Tou sa ap rive paske pèp
Izrayèl la fè bagay ki mal, paske pitit Jakòb yo fè sa yo pa
t' dwe fè. Ki moun ki reskonsab sa pèp Izrayèl la fè a? Se
pa moun Samari, kapital peyi a? Ki moun k'ap fè idolatri
nan peyi Jida a? Se pa moun lavil Jerizalèm? **6** Se konsa
Seyè a di: M'ap fè lavil Samari tounen yon bann mazi nan
plenn lan, yon jaden pou plante rezen. M'ap voye tout
miray li yo jete nan fon. Se fondasyon kay yo ase k'ap rete
pou moun wè. **7** Y'ap kraze tout zidòl yo an miyèt moso.
Y'ap boule tou sa yo te ofri bay zidòl yo nan dife. M'ap fè
kay zidòl yo tounen pil wòch. Pèp la te vire do bay Bondye
lè yo t'ap fè zidòl sa yo, ou ta di madan marye k'ap fè
jennès. Koulye a, y'ap peye pou vire yo te vire do bay
Bondye a. **8** Lèfini, Miche di: Se poutèt sa m'ap plenn,
m'ap kriye. M'ap pwonmennen mache pye atè, toutouni,
pou m' fè wè lapenn mwen. M'ap rele tankou frize, m'ap
wouke tankou chen. **9** Pa gen renmèd pou maladi moun
lavil Samari yo. Li kontaminen peyi Jida a. Li gen tan rive
jouk nan pòtay kapital peyi pèp mwen an. Li gen tan rive
lavil Jerizalèm. **10** Pa kite moun lavil Gat yo konnen sa ki
rive nou! Pa kite moun Akò yo wè nou ap kriye! Woule kò
nou atè nan pousyè, nou menm moun Betleafra. **11** Pase
pase nou, toutouni, tèt bese, nou menm moun lavil Safi.
Moun ki rete nan ti bouk Zaanan an pa ka mete tèt yo
deyò. Lè w'a tande jan moun Betaezèl yo ap plenn, w'a
konnen ou p'ap jwenn pwoteksyon bò la ankò. **12** Moun
Mawòt yo nan lapenn. Pa gen sekou pou yo ankò, paske
Seyè a fè malè a rive nan papòt lavil Jerizalèm. **13** Nou
menm, moun lavil Lakis, nou mèt pare bon chwal pou cha
nou yo. Se nou menm an premye nan peyi Izrayèl ki te
konmanse ap fè sa ki mal. Se nou menm ki lakòz moun
lavil Jerizalèm yo ap fè peche konsa. **14** Koulye a, nou
menm moun peyi Jida, nou mèt di moun lavil Morechèt
Gat yo orevwa, paske moun lavil Akzib yo bay manti, yo
p'ap pote ankenn sekou bay wa Izrayèl yo. **15** Kanta pou
nou menm, moun lavil Marecha, mwen menm Seyè a,
m'ap fè lènmi pran lavil la nan men nou. Grannèg nan
peyi Izrayèl yo pral kache nan twou wòch Adoulam lan.
16 Nou menm moun Jida, reziyen nou, paske sa fè kè nou
fè nou mal pou nou wè sa timoun nou renmen anpil yo ap
fè. Mare ren nou tankou moun ki nan lapenn, paske y'ap
depòte timoun nou yo ale byen lwen nou.

2 Ala mal sa pral mal pou moun ki kouche nan kabann
yo ap fè move plan, k'ap kalkile mechanste yo pral fè!
Kou jou kase, premye okazyon yo jwenn, yo fè sa yo t'ap
kalkile a, paske yo gen pouvwa nan men yo. **2** Yo anvi
yon jaden, yo pran l'. Yo anvi yon kay, yo antre kareman,
yo pran l'. Yo maltrete mèt kay la ak tout fanmi l'. Yo bat
moun yo, yo pran tout byen yo. **3** Se poutèt sa, men sa
Seyè a di: M'ap pare yon malè pou nou. Nou yonn p'ap
chape. Nou p'ap ka gonfle lestonmak nou sou moun ankò,
paske sa pral rèd pou nou. **4** Lè jou a va rive, yo pral fè
chante sou nou. Y'a plenn sò nou, y'a di: Nou pèdi tou
sa nou te genyen. Bondye kite moun lòt nasyon yo pran
peyi a nan men nou. Wi, li pran jaden nou yo bay yon
bann moun ki pa kwè nan li. **5** Konsa, lè lè a va rive, tout
moun va sanble pou yo renmèt tè a bay pèp Bondye a.
Ou p'ap jwenn pèsonn kanpe pou reklame yon pòsyon
pou ou. **6** Moun yo ap plede di m': Sispann pale konsa!
Ou pa fèt pou di bagay konsa. Sa w'ap di a p'ap janm
rive. **7** Nou menm, pitit Jakòb yo, Seyè a gen lè pèdi
pasyans ak nou? Eske nou kwè l'a fè tout bagay sa yo
vre? Eske pawòl li se pa bon pawòl pou moun k'ap mache
dwat yo? **8** Seyè a reponn: Nou leve dèyè pèp mwen
an tankou si nou te lènmi yo. Moun ap mache kè pòpòz
san okenn lide chache moun kont, men nou la, n'ap tann
konsa pou nou vòlò ata rad ki sou yo. **9** Medam yo t'ap
viv ak kè kontan lakay yo. Nou vini, nou mete yo deyò.
Timoun yo t'ap jwi benediksyon mwen ba yo. Nou vini,
nou wete tou sa nèt nan men yo. **10** Leve non! Al fè wout
nou! Pa gen repo pou nou isit la ankò! Nou fè twòp bagay
derespektan. Nou fè yo detwi peyi a. Y'ap fini avè l' nèt.
11 Si yon moun ap plede pwonmennen bay manti pou
twonpe moun, si li di: M'ap fè prediksyon pou nou: Men li,
diven ak gwòg pral koule kou dlo, se moun konsa nou
renmen pou pwofèt. **12** Men, m'ap reyini tout pitit Jakòb
yo ansanm. M'ap ranmase tout ti rès ki rete nan moun
Izrayèl yo. M'ap mennen yo ansanm tankou bann mouton
k'ap tounen nan pak yo. Peyi a pral tankou yon savann
plen mouton. Li pral plen moun ankò. **13** Bondye ap pran
devan, l'ap louvri yon chemen pou yo. Yo menm, y'a kraze
pòtay yo, y'a pase lib soti deyò. Wa yo a va mache devan
yo. Wi, se Seyè a ki va mache alatèt yo.

3 M'a di yo: Koute byen, nou menm ki alatèt pitit Jakòb
yo, nou tout k'ap dirije pèp Izrayèl la! Se pa devwa
nou pou nou rann tout moun jistis? **2** Men, se nou menm
ankò ki rayi moun k'ap fè sa ki byen. Nou renmen moun
k'ap fè sa ki mal. N'ap kòche pèp mwen an tou vivan, n'ap
filange l' jouk nan zo. **3** N'ap manje pèp mwen an. Nou
kòche yo, nou kase tout zo nan kò yo. Nou dekoupe yo
tankou vyann yo pral kwit, tankou vyann nou mete nan
chodyè. **4** Men, yon jou va rive, lè sa a n'a kriye nan pye
Seyè a, men li p'ap reponn nou. Li p'ap tande sa n'ap di
nan lapriyè nou yo, paske nou fè bagay ki mal. **5** Men,
gen yon bann pwofèt k'ap twonpe pèp mwen an. Depi yo
gen yon zo y'ap souse, y'ap mache di jan gen lapè nan
peyi a. Men, kite moun pa ba yo lajan, yo di pral gen lagè.

Men sa Seyè a di sou pwofèt sa yo: **6** Pwofèt! Jou nou
yo prèt pou fini. Solèy la ap kouche sou nou. Nou p'ap
fè vizyon lannwit ankò. Nan fènwa, nou p'ap wè anyen
ankò. **7** Moun k'ap fè prediksyon yo pral wont. Divinò yo
p'ap konnen sa pou yo di. Yo pral rete men nan bouch,
paske Bondye p'ap reponn yo. **8** Men, pou mwen menm,
Miche, Seyè a voye lespri l' sou mwen, li ban mwen fòs,
li ban mwen pouvwa pou m' konnen sa ki dwat. Li ban
mwen kouraj pou m' kanpe denonse fòfè pitit Jakòb yo,
pou m' di pèp Izrayèl la nan figi l' sa l'ap fè ki mal la. **9**
Wi, koute m' non, nou menm ki alatèt pitit Jakòb yo, nou
menm chèf k'ap dirije peyi Izrayèl la. Nou pa renmen sa ki
dwat. Nou vire lalwa a, nou fè l' di sa nou vle. **10** Se sou
san moun n'ap bati lavil Siyon an. Se sou lenjistis n'ap
bati lavil Jerizalèm. **11** Moun ap achte chèf yo ak lajan.
Prèt yo menm ap esplike lalwa a pou lajan. Ata pwofèt yo
ap fè prediksyon pou lajan tou. Yo tout yo pretann di Seyè
a avèk yo. Y'ap di: O wi, anyen p'ap rive nou! Seyè a
bò kote nou! **12** Se konsa, n'ap lakòz peyi Siyon an pral
tankou yon jaden y'ap raboure. Jerizalèm ap tounen mazi.
Gwo pyebwa pral kouvri tout mòn kote tanp lan ye a.

4 Yon tan gen pou rive! Lè sa a, mòn kote tanp lan ye
a va pi wo pase tout lòt mòn yo. L'ap kanpe byen wo
nan mitan mòn yo. Moun va soti an kantite toupatou vin
sou li. **2** Anpil moun lòt nasyon va vini, y'a di: Ann ale sou
mòn Seyè a! Ann ale nan tanp Bondye pèp Izrayèl la! L'a
moutre nou jan li vle nou viv la. Konsa, n'a mache nan
chemen l'a mete devan nou an. Paske, Seyè a rete sou
mòn Siyon an, l'ap bay lòd li. Seyè a rete lavil Jerizalèm,
l'ap pale ak pèp li a. **3** L'ap regle kont nasyon yo gen yonn
ak lòt, l'ap sèvi jij pou gwo peyi ki byen lwen. Y'ap pran
mato, y'ap fè zam yo tounen zouti pou travay tè. Y'ap
fè nepe yo tounen sèpèt. Nasyon yo p'ap fè lagè yonn
ak lòt ankò. Yo p'ap janm aprann fè lagè ankò. **4** Tout
moun va viv ak kè poze anba tonèl rezen yo, anba pye fig
frans yo. Pesonn p'ap chache yo kont. Sa se pawòl ki
soti nan bouch Seyè a! **5** Chak nasyon ap viv dapre lòd
bondye pa yo ba yo. Men nou menm, n'ap viv dapre lòd
Seyè a, Bondye nou an, pou tout tan tout tan. **6** Seyè
a di: Yon tan ap vini. Lè sa a, m'a aji avèk pèp mwen
an tankou yon gadò. M' aval chache moun ki t'ap bwete
yo. M'a ranmase moun yo te chase byen lwen yo, moun
mwen te pini yo. **7** Avèk sa ki t'ap bwete yo, m'a mete
peyi a kanpe ankò. M'a fè moun yo te depòte yo tounen
yon gwo nasyon. Mwen menm, Seyè a, m'a gouvènen yo
sou tèt mòn Siyon an, depi jou sa a jouk sa kaba. **8** Ou
menm, lavil Jerizalèm kote Bondye rete pou l' veye bann
mouton l' yo, ou menm, ti mòn Ofèl kote moun Siyon yo
rete a, ou gen pou tounen kapital peyi a ankò kote wa
moun Jerizalèm yo ye a, jan sa te ye nan tan lontan an. **9**
Koulye a, poukisa w'ap rele fò konsa? Se paske ou pèdi
wa ou la? Poukisa w'ap plenn konsa tankou yon fanm ki
gen tranche? Se paske moun ki te konn ba ou konsèy la
mouri? **10** Tòde kò nou, nou menm moun lavil Jerizalèm!
Plenn tankou fanm ki sou choukèt! Paske, koulye a nou
pral soti kite lavil la, nou pral rete nan bwa. N'a rive jouk
lavil Babilòn. Men, antan nou la, y'a vin delivre nou. Seyè
a ap vin wete nou nan men lènmi nou yo. **11** Anpil nasyon
ap reyini pou atake nou. Y'ap di konsa: Se pou yo avili
lavil Jerizalèm. Se pou nou wè lavil Siyon an kraze nèt.
12 Men, moun sa yo pa konnen lide Bondye gen nan tèt
li. Yo pa konprann plan travay li. Li te sanble yo pou l'
ka pini yo tankou lè yo sanble pwa sou glasi anvan yo
bat yo. **13** Seyè a di: Nou menm moun lavil Siyon, leve
non! Foule lènmi nou yo anba pye nou! M'ap ban nou fòs,
n'ap tankou towo bèf ki gen kòn ak zago fè. N'ap kraze
anpil nasyon an miyèt moso. N'a pran tou sa yo genyen
ansanm ak tout richès yo, n'a ofri yo ban mwen, mwen
menm Seyè a, ki mèt tout latè.

5 Nou menm, moun lavil Jerizalèm, sanble moun nou
yo! Mete yon lame sou pye! Men yo sènen lavil la
toupatou. Y'ap leve men yo sou chèf pèp Izrayèl la. Y'ap
ba li baton, y'ap souflete l'. **2** Seyè a di ankò: Men ou
menm, lavil Betleyèm, Efrata, ou se yonn nan pi piti nan
tout lavil peyi Jida yo, se vre! Men, se nan mitan ou m'ap
fè soti pou mwen yon chèf pou pèp Izrayèl la, yon chèf
k'ap soti nan yon fanmi ki la depi lontan lontan. **3** Se
konsa, Seyè a ap lage pèp li a nan men lènmi li yo jouk lè
fi ki pou fè pitit la va gen yon pitit gason. Lè sa a, rès pèp
Izrayèl yo te depòte a va tounen pou mete tèt ansanm ak
pèp la. **4** Lè chèf sa a va vini, l'a gouvènen pèp li a avèk
fòs Seyè a ap ba li a, avèk pouvwa k'ap mande respè
paske l'ap gouvènen nan non Seyè a, Bondye li a. Pèp
la va viv ak kè poze, paske moun toupatou sou latè va
rekonèt jan li gen pouvwa. **5** L'a fè tout moun viv byen
yonn ak lòt. Lè moun peyi Lasiri yo va anvayi peyi nou an,
lè y'a pwonmennen mache nan tout peyi a, n'a voye sèt
chèf, n'a voye wit menm al konbat yo. **6** Y'a goumen, y'a
pran peyi moun Lasiri yo nan men yo. Avèk nepe yo, y'a
pran peyi Nenmwòd la nan men li. Y'a delivre nou anba
men moun Lasiri yo, lè y'a anvayi peyi a, lè y'a antre sou
fwontyè nou yo. **7** Lè sa a, rès moun ki vivan toujou nan
pèp la va tankou lawouze Bondye voye. Y'a viv nan mitan
lòt nasyon yo. Y'a tankou lapli k'ap tonbe sou jaden k'ap
pouse, paske yo pa mete espwa yo nan moun men nan
Bondye. **8** Rès moun pèp Izrayèl yo va viv nan mitan lòt
nasyon yo, nan mitan anpil lòt nasyon. Y'a tankou yon
lyon nan mitan bèt nan bwa, osinon yon jenn ti lyon nan
mitan bann mouton. Y'ap pase nan mitan lòt nasyon yo.
Y'ap kraze yo anba pye yo, y'ap dechikete yo. Pesonn
p'ap ka delivre moun anba men yo. **9** Izrayèl va leve kont
lènmi li yo, l'a disparèt yo nèt. **10** Seyè a di ankò: Jou sa
a, m'ap touye tout chwal batay nou yo. M'a detwi tout
cha nou yo. **11** M'ap detwi tout lavil nou bati nan peyi a,
m'ap kraze tout fò ak tout ranpa nou yo. **12** M'a wete tout
wanga nan peyi a. Nou p'ap jwenn moun ki pou bat kat
pou nou ankò. **13** M'ap detwi tout estati ak tout moniman
nou te moute pou zidòl yo. Nou p'ap gen lide adore bagay
nou fè ak men nou ankò. **14** M'ap derasinen tout pyebwa
repozwa nan peyi a. M'ap detwi tout lavil nou yo. **15** Lè sa

a, m'ap fache, m'ap fè gwo kòlè, m'ap pran revanj mwen
sou tout nasyon ki pa t' obeyi m' yo.

6 Koute sa Seyè a ap di: -Leve non! Vin plede kòz ou
devan gwo mòn yo! Kite ti mòn yo tande sa ou gen
pou di a! **2** Nou menm, mòn yo, nou menm ki fondasyon
tè a pou tout tan, tande plent Seyè a ap vin pote pou pèp
li a! Wi, li pral pote plent pou pèp Izrayèl la! Li gen yon
kòz pou l' plede ak li! **3** Seyè a di: Ooo! Pèp mwen! Kisa
mwen fè nou kifè nou bouke avè m' konsa? Reponn mwen
non! **4** Mwen fè nou soti kite peyi Lejip la. Mwen wete nou
nan esklavaj nou te ye nan peyi sa a! Mwen voye Moyiz,
Arawon ak Miryam pou kondi nou ale. **5** Ooo! Pèp mwen!
Chonje sa Balak, wa peyi Moab la, te fè lide fè nou, ak ki
jan Balaram, pitit Bèyò a, te reponn li! Chonje sa ki te rive
nou nan vwayaj nou an, lè nou te fin kite Sitim, anvan
nou te rive Gilgal! Chonje tout bagay sa yo pou nou ka
konprann sa m' te fè pou delivre nou! **6** Lè sa a, pèp la di:
Kisa m'a pote ofri bay Seyè a, Bondye ki nan syèl la, lè
m'a vin adore l'? Eske m'a pote pou li jenn ti towo bèf ki
fèk gen ennan pou yo ka boule pou li? **7** Eske Seyè a ap
kontan si m' pote ba li mil belye mouton ak di mil barik
lwil? Eske m'a ofri premye pitit gason m' lan pou m' peye
pou sa m' fè ki mal? Eske mwen ka pran sa ki soti nan
zantray mwen pou m' bay pou kouvri peche mwen? **8**
Y'a reponn li: Non monchè. Seyè a te moutre ou sa ki
byen. Tou sa li mande ou, se pou ou fè sa ki dwat, se pou
ou gen kè sansib nan tout sa w'ap fè, se pou ou mache
san lògèy devan li. **9** Lè yon moun gen konprann, li gen
krentif pou Seyè a. Seyè a ap rele moun lavil Jerizalèm
yo: Koute m' byen, nou tout ki reyini nan lavil la! **10** Lakay
moun mechan yo plen byen yo achte ak move lajan! Y'ap
sèvi ak fo mamit, bagay mwen pa vle wè. **11** Ki jan ou vle
pou m' padonnen bann moun sa yo k'ap sèvi ak move
balans, ak fo mamit? **12** Moun rich nan lavil la ap peze
pòv malere yo. Yo tout se yon bann mantò: Bonjou yo
pa laverite! **13** Se poutèt sa m'ap manyen ak nou. Akòz
peche nou yo, m'ap fini ak nou nèt. **14** N'ap manje, men
vant nou p'ap janm plen, n'ap grangou toujou. Lè nou
konprann se sere n'ap sere pou pita, sa p'ap sèvi nou
anyen. Avèk lagè m'ap voye sou nou an, n'ap pèdi tou sa
nou te sere a. **15** N'a plante, men se pa nou ki va rekòlte.
N'a kraze grenn oliv pou fè lwil, men nou p'ap gen tan
sèvi avè l'. N'a kraze rezen fè diven, men nou p'ap gen
tan goute ladan l'. **16** Nou pran swiv move mès wa Omri a
ansanm ak move bagay wa Akab, pitit gason l' lan, t'ap fè
a. N'ap fè menm bagay yo t'ap fè a toujou. Se poutèt sa,
m'ap fè malè tonbe sou nou. Tout moun pral rele chalbari
dèyè nou. Moun toupatou pral trete nou tankou fatra.

7 Ala malè pou mwen, mezanmi! Mwen tankou yon
moun ki grangou nan mitan sezon rekòt epi ki pa
jwenn yon ti fwi sou pyebwa, ni yon ti grenn rezen pou m'
mete nan bouch mwen. Tout rezen fin keyi. Tout bon fig
frans fin tonbe. **2** Pa rete moun serye nan peyi a ankò. Pa
gen moun k'ap sèvi Bondye ak tout kè yo. Tout moun ap
tann chans pa yo pou mete men yo nan san. Moun ap
mache mete pèlen yonn pou lòt. **3** Yo tout pase mèt nan
fè sa ki mal ak de men yo. Chèf yo ap fè egzijans. Jij yo
ap mande lajan anba pou regle zafè pou moun. Grannèg
yo menm mande sa yo vle. Se konsa yo tout yo fè yon sèl
bann ansanm. **4** Moun ki ta pi bon nan mitan yo a, se
ponya wouye. Sa ki ta yon ti jan pi serye a, li boule pase
lèt kandelab, li koupe pase zèb razwa. Jou pou Bondye
pini pèp li a pral rive, jan l' te voye yo avèti l' la. Lè sa a,
pèp la p'ap konnen ni sa pou l' di ni sa pou l' fè. **5** Pa
mete konfyans ou nan zanmi! Pa apiye sou ankenn bon
zanmi! Veye bouch ou ata ak madanm ou! **6** Lè sa a, pitit
gason p'ap gen respè pou papa yo. Pitit fi ap kenbe tèt ak
manman yo. Bèlfi ap fè kont ak bèlmè yo. Pi gwo lènmi ou
se va pwòp moun k'ap viv nan kò kay ou. **7** Men, se Seyè
a ki tout mwen. Avèk konfyans, m'ap tann Bondye k'ap vin
pou delivre m' lan. Wi, Bondye mwen an ap tande m'! **8**
Nou menm ki pa vle wè lavil Jerizalèm, nou pa bezwen
kontan wè malè rive nou, nou menm moun lavil Jerizalèm.
Nou tonbe, n'a leve ankò! Nou te mèt chita nan fènwa
koulye a, Seyè a va yon limyè pou nou. **9** Se pou nou
sipòte kòlè Seyè a paske nou fè peche kont Seyè a. Men
bout pou bout, l'a pran defans nou, l'a rann nou jistis. L'ap
mennen nou deyò nan limyè a ankò, n'a viv pou nou wè
jistis Bondye. **10** Lè sa a, lènmi nou yo va wè sa, y'a wont,
yo menm ki te konn ap mande nou: O wi! Kote Seyè a,
Bondye nou an! N'a wè ak je nou jan lènmi nou yo ap fini.
Y'a foule yo anba pye, y'a meprize yo tankou labou nan
lari. **11** Nou menm, moun lavil Jerizalèm, jou pou nou
rebati miray lavil la prèt pou rive. Lè sa a, y'a agrandi peyi
a. **12** Wi, lè sa a, moun nou yo va tounen soti toupatou
vin jwenn nou. Y'a soti nan peyi Lasiri bò solèy leve, y'a
soti Lejip nan sid, y'a soti lòt bò larivyè Lefrat, y'a soti
byen lwen lòt bò lanmè ak lòt bò mòn yo. **13** Men, tè a ap
tounen dezè akòz mechanste moun k'ap viv sou li yo. **14**
Seyè! Aji ak pèp ou te chwazi pou ou a tankou yon bon
gadò k'ap pran swen mouton l' yo. Koulye a, pèp ou a
rete pou kont li nan yon rakbwa ki antoure ak bon tè. Kite
y' al manje nan bèl jaden peyi Bazan ak peyi Galarad jan
yo te konn fè l' nan tan lontan an! **15** Seyè! Fè mèvèy pou
nou jan ou te fè l' lè ou te fè nou soti kite peyi Lejip la! **16**
Moun lòt nasyon yo va wè sa, y'a wont malgre tout fòs yo
genyen. Y'a mete men nan bouch. Y'a sezi, **17** y'a trennen
kò yo atè nan pousyè tankou koulèv. Y'a mache tankou
bèt k'ap trennen sou vant! Y'a pè, y'a kouri soti nan fò yo.
Y'a tranble devan Bondye, y'a tounen vin jwenn li. Y'a
tranble tankou fèy bwa akòz Seyè a. **18** Pa gen bondye
tankou ou, ou menm ki padonnen mechanste ti rès ki rete
nan pèp ou a, ou menm ki pa gade sou sa yo fè ki mal.
Ou pa fache pou tout tan. Ou pran tout plezi ou nan gen
pitye pou moun. **19** Wi, w'a gen pitye pou nou ankò. W'a
pran peche nou yo mete anba pye ou. W'a voye yo jete
nan fon lanmè! **20** W'a moutre pitit Jakòb yo jan ou toujou
kenbe pawòl ou. W'a moutre pitit Abraram yo jan ou p'ap

janm sispann renmen yo, jan ou te sèmante l' bay zansèt
nou yo nan tan lontan!

Nawoun

1 Men mesaj Bondye te bay sou lavil Niniv. Men liv ki
rapòte vizyon Nawoum, moun lavil Elkòch, te fè a. **2**
Seyè a, se yon Bondye ki fè jalouzi epi ki konn tire revanj.
Li tire revanj li. Lè l' ankòlè, se pa ti move li move. Li tire
revanj li sou tout moun ki kenbe tèt avè l'. Li kenbe moun
ki pa vle wè l' yo nan kè. **3** Seyè a pa fache fasil, men
se pa ti kras pouvwa li genyen. Li p'ap janm manke pa
pini moun ki antò. Kote Seyè a pase, se van tanpèt, se
van siklòn. Nwaj yo, se pousyè pye l' yo ap leve. **4** Li
pase lanmè a lòd: lanmè a cheche. Li cheche dlo larivyè
yo. Tout pyebwa nan plenn Bazan ak sou mòn Kamèl ap
deperi. Tout flè sou mòn Liban yo ap fennen. **5** Gwo mòn
yo tranble lè yo wè l'. Ti mòn yo disparèt. Tè a tranble
devan l' ansanm ak tout moun ki rete sou li. **6** Ki moun ki
ka kanpe devan l' lè li ankòlè? Ki moun ki ka chape anba
men l' lè li move? Kòlè Bondye tonbe sou latè tankou dife.
Gwo wòch yo tounen pousyè devan li. **7** Men, Seyè a gen
bon kè tou: Jou malè, se li ki pwoteje pèp li. Li pran swen
tout moun ki vin kache anba zèl li. **8** Tankou yon gwo
lavalas k'ap desann, l'ap kraze tout kote lavil la te bati a.
L'ap pousib tout lènmi l' yo jouk li fini ak yo. **9** Kisa n'ap
konplote konsa sou do Seyè a? L'ap detwi nou tout. Nou
p'ap ka kenbe tèt avè l' yon lòt fwa ankò. **10** Yo tankou yon
gwo raje pikan. Atout yo vèt la, yo pral boule nèt tankou
yon pil zèb chèch. **11** Yon nonm soti lavil Niniv. Li gen yon
bann move lide nan tèt li, l'ap fè konplo sou do Seyè a. **12**
Men sa Seyè a di pèp li a: -Moun peyi Lasiri yo te mèt
anpil, yo te mèt gwonèg, y'ap mouri, y'ap disparèt. Mwen
te fè nou soufri. Men, mwen p'ap fè nou sa ankò! **13**
Koulye a, mwen pral kraze pouvwa peyi Lasiri k'ap peze
nou an. M'ap kase tout chenn yo te pran pou mare nou
yo. **14** Men lòd Seyè a bay sou moun peyi Lasiri yo: -Yo
pral bliye non nou nèt. Mwen pral detwi tout ras nou. M'ap
kraze tout estati zidòl nou gen nan tanp bondye nou yo,
kit yo te an bwa, kit yo te an fè. M'ap pare yon tonm pou
nou. Nou pa vo anyen ankò! **15** Gade! Men yon mesaje
k'ap vin sou mòn yo! L'ap pote bon nouvèl k'ap ban nou
kè poze. Nou menm moun peyi Jida, nou mèt fete tout fèt
nou yo! Fè ofrann nou te pwomèt Bondye yo. Mechan yo
p'ap pase lakay nou ankò! Mwen detwi yo nèt.

2 Nou menm moun lavil Niniv, men yon gwo lame ap
moute vin atake nou. Mete gad nan fò nou. Mete moun
veye gran chemen an! Mare ren nou! Mete tout kouraj nou
sou nou! **2** Paske, Seyè a pral bay pèp Izrayèl la pouvwa
li te gen anvan an, pouvwa fanmi Jakòb la te gen anvan
piyajè yo te ravaje l' la, anvan yo te koupe tout branch
rezen li yo. **3** Vanyan sòlda l' yo gen plak pwotèj pentire
tou wouj sou bra yo. Yo abiye ak rad wouj violèt. Cha lagè
yo klere kou dife! Y'ap vin pou atake nou! Y'ap souke zam
yo nan men yo. **4** Cha lagè yo ap vini ak gwo vitès nan
plenn yo. Yo kouri ale sou plas piblik yo. Yo klere tankou
bwa chandèl tou limen. Y'ap pase kouri tankou zèklè. **5**
Yo chonje rele chèf lame yo. Nan prese vini yo, yonn ap
frape ak lòt. Yo kouri ale bò miray ranpa yo. Yo pare plak
pwotèj pou y' al defonse pòtay yo. **6** Pòtay ki bay sou
larivyè a louvri granbatan. Tout moun nan palè a gen kè
kase. **7** Yo fè larenn lan prizonye. Yo pati avè l'. Sèvant li
yo ap plenn, y'ap kriye. Y'ap bat lestonmak yo sitèlman yo
nan lapenn. **8** Tankou yon gwo basen plen dlo ki pete,
moun yo ap kouri soti lavil Niniv. Y'ap di yo: Rete non!
Rete non! Men, yonn pa vire tounen. **9** Piye tout lajan an.
Piye tout lò yo. Yo gen yon richès ki poko prèt pou fini,
yon pakèt bèl bagay ki koute chè. **10** Yo piye lavil la. Yo
touye tout moun ladan l'. Yo devaste l' nèt. Moun pèdi
kouraj yo. Jenou yo ap tranble. Yo pa gen fòs pou rete
kanpe. Figi yo dekonpoze. **11** Koulye a, kote twou kachèt
lyon yo ye a, twou nich kote ti lyon yo manje a, twou kote
lyon yo ansanm ak ti lyon yo te konn ale pou pesonn pa
ka fè yo anyen an? **12** Lyon an te konn dechire vyann bèt
yo pou pitit li yo, li te konn trangle bèt pou fenmèl lyon yo.
Lè konsa yo plen twou yo ak bèt yo pran, yo plen nich yo
ak moso vyann dechikete. **13** Koulye a, se mwen menm
k'ap regle ak nou! Se Seyè ki gen tout pouvwa a menm ki
di sa. Moun pral boule tout cha lagè nou yo nan dife. Nan
lagè a, m'ap fè yo touye tout jenn ti lyon nou yo. M'ap
rache nan men nou tou sa nou te pran lakay lòt yo. Yo
p'ap janm tande vwa delege nou yo ankò nan okenn peyi
sou latè.

3 Madichon pou lavil ki renmen fè san koule a! Se
manti ase l'ap mache bay. Li plen richès li vòlò nan fè
mètdam. Li chaje ak byen li piye kay lòt. **2** Koute bri fwèt
kach yo, bri wou cha yo k'ap woule vini. Koute bri chwal
yo k'ap galope, bri cha lagè yo k'ap kouri vini. **3** Kavalye
yo ap zeponnen chwal yo. Nepe yo klere kou fèman nan
solèy. Lans yo, ou ta di zèklè. Moun tonbe kou mouch.
Kadav yo fè pil sou pil. Ou pa ka konte yo. Moun ap bite
sou moun mouri. **4** Y'ap pini lavil Niniv, manman jennès
la. Y'ap pini l' pou tout dezòd li fè yo. Li te bèl, li te fò
nan pawòl dous! Li fè yo pran plezi kont kò yo ak li. Li fè
nasyon yo pèdi tèt yo. Lèfini, li pran yo, li fè trafik ak yo! **5**
Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di: Se mwen menm
k'ap regle ak ou! Mwen pral leve rad ou anlè jouk nan tèt.
Mwen pral mete ou toutouni pou tout nasyon yo ka wè
ou, pou tout peyi ka wè jan ou san wont. **6** Mwen pral
kouvri ou ak salte. Mwen pral avili ou, pou tout moun ka
wè jan ou pa bon. **7** Tout moun ki va wè ou va kouri byen
lwen. Y'a di: Lavil Niniv fini! Ki moun ki va gen pitye pou
li? Pa gen pesonn ka vle vin kenbe rèl la avè l'. **8** Ou
menm lavil Niniv, ou pa pi bon pase lavil Tèb. Atout li chita
nan mitan gwo larivyè Nil la, ak dlo toupatou tankou yon
ranpa, tankou yon glasi pou pwoteje l', **9** atout li te anvayi
peyi Letiopi ak peyi Lejip kifè pa t' gen limit pou pouvwa li
ankò, atout moun peyi Pout yo ak moun peyi Libi yo te
mache ansanm avè l', **10** yo fè moun li yo prizonye, yo
depòte yo nan lòt peyi. Nan tout kalfou, yo kraze pitit li
yo jouk yo mouri. Yo mare grannèg li yo nan chenn kou
esklav. Yo separe yo, yo tire osò pou bay chak moun pa

yo. **11** Ou menm tou, lavil Niniv, ou pral sou. Tèt ou pral
vire. Ou menm tou, ou pral chache kote pou ou kache pou
lènmi ou yo. **12** Fò ou yo tankou yon pye fig frans chaje fig
mi: ou annik souke l', epi fig yo tonbe nan bouch k'ap tann
pou manje yo. **13** Sòlda ou yo, ou ta di yon bann fanm!
Peyi a ap san defans devan lènmi ou yo, dife boule ba ki
fèmen pòtay ou yo. Yo rete gran louvri. **14** Al pran dlo
mete la, paske yo pral sènen ou anndan lakay ou. Repare
miray fò ou yo! Al bat tè ak pye ou pou fè brik! Pare fòm
pou fè brik. **15** Ou te mèt peple tankou chini, ou te mèt
peple tankou krikèt, dife pral boule ou nèt ale. Lagè pral
fini avè ou. **16** Ou te gen plis moun k'ap fè kòmès pase
gen zetwal nan syèl la. Koulye a, yo pati tankou krikèt ki
louvri zèl yo vole ale. **17** Sòlda ou yo ak moun k'ap travay
pou ou yo pral tankou yon bann krikèt ki poze sou raje lè
fredi. Leve solèy la leve, y' ale. Pesonn pa konnen kote yo
fè. **18** Ou menm wa peyi Lasiri a, faksyonnè ou yo ap
dòmi. Chèf lame ou yo mouri. Moun ou yo gaye nan tout
mòn. Pa gen pesonn pou fè yo tounen lakay yo ankò. **19**
Pa gen renmèd pou ou pou jan ou donmaje a. Pa gen
gerizon pou malenng ou a. Tout moun ki va pran nouvèl la
va kontan, y'a bat men. Paske, ak tout mechanste ou yo,
pa gen moun ou pa t' fè pase mizè.

Abakouk

1 Men mesaj Bondye te bay pwofèt Abakouk nan yon
vizyon. **2** Seyè! Konbe tan ankò pou m' pase ap rele
ou, ap mande ou sekou anvan pou ou tande m'? Konbe
tan ankò pou m' pase ap rele nan zòrèy ou anvan pou
ou vin delivre nou anba moun k'ap maltrete nou yo? **3**
Poukisa w'ap fè m' wè tout mechanste sa yo? Ki jan ou ka
rete kanpe konsa ap gade tout lenjistis sa yo? Se piyay
ak mechanste ase ki devan je m'! Toupatou se goumen,
se kont. **4** Lalwa a la, li pa sèvi anyen. Ou pa ka jwenn
jistis. Mechan yo ap kraze moun k'ap mache dwat. Lajistis
devan dèyè. **5** Seyè a pale ak pèp li a, li di: -Voye je nou
gade nasyon ki bò kote nou yo. Nou pral sezi, nou pral
tranble. Mwen pral fè yon travay devan je nou. Si se moun
ki ta vin di nou sa, nou pa ta kwè. **6** M'ap fè moun peyi
Kalde yo kanpe. Se yon pèp ki san pitye, ki san manman.
Y'ap mache toupatou sou latè, y'ap pran peyi lòt pèp nan
men yo. **7** Kote yo pase, yo fè moun pè yo. Yo pa nan
jwèt ak pesonn. Yo pa pran lòd nan men pesonn. Yo fè sa
yo pi pito. **8** Chwal yo kouri pi rèd pase chat mawon. Yo
pi move pase chen mawon ki grangou. Kavalye yo soti
byen lwen, y'ap kouri vini. Yo tankou malfini k'ap plonje
sou poul. **9** Sòlda yo ap vini pou fè piyay. Tout moun pè
lè yo wè yo ap pwoche, paske yo ranmase prizonye an
kantite, san gad dèyè. **10** Y'ap pase wa yo nan betiz.
Y'ap pase chèf yo nan rizib. Pa gen fò ki ka rete yo. Yo
annik anpile tè bò miray yo, lèfini yo moute pran yo. **11** Yo
pase tankou yon koutvan, yo kraze brize, epi y' al fè wout
yo. Bondye yo se fòs yo gen nan ponyèt yo. Se nan sa
yo kwè. **12** Seyè! Depi tout tan se ou ki Bondye. Ou se
Bondye m', Bondye tout bon ki la pou tout tan an. Seyè,
Bondye mwen, ou menm k'ap pwoteje m'! Se pèp sa a ou
chwazi pou fè travay ou? Se pèp sa a ou voye pou pini
nou? **13** Ou twò bon pou ou kite moun ap fè mechanste
devan je ou konsa! Ou pa ka rete ap gade moun ap fè
lenjistis devan ou konsa! Ki jan ou fè rete ap gade bann
moun trèt sa yo? Poukisa ou pa di anyen lè mechan yo
ap fini ak moun ki pi inonsan pase yo? **14** Kouman ou ka
aji ak moun tankou si yo te pwason nan lanmè, tankou
koulèv nan raje ki pa gen mèt? **15** Moun Babilòn yo pran
moun nan zen tankou pwason. Yo rale yo nan senn, yo
ranmase yo nan nas. Lèfini, yo kontan, y'ap fè fèt. **16**
Se sak fè tou, yo fè ofrann bèt yo touye pou senn yo, yo
boule lansan pou nas yo, paske se nan senn yo ak nan
nas yo yo jwenn tout kalite bon pwason pou yo manje.
17 Eske yo pral toujou sèvi ak nepe yo san rete, pou yo
touye moun lòt nasyon san yo pa gen pitye pou yo?

2 Mwen moute sou fò a pou m' veye. Mwen kanpe sou
tèt miray ranpa a, m'ap tann pou m' wè sa Seyè a pral
di m', ki repons li pral ban mwen apre tout plenyen mwen
plenyen ba li a. **2** Men repons Seyè a ban mwen. Li di
m' konsa: -Ekri sa mwen pral fè ou wè a. Grave l' byen
grave sou wòch plat pou moun ka li l' fasil. **3** Ekri l' paske
se poko lè pou sa m' pral fè ou wè a rive. Men, li p'ap
pran lontan ankò pou l' rive. Li gen pou l' rive vre. Si li
pran reta pou l' rive, ou mèt tann. Paske, wè pa wè, li
gen pou l' rive lè pou l' rive a. **4** Men mesaj la: Moun ki
pa mache dwat devan Bondye p'ap chape. Men moun ki
mache dwat yo va viv paske yo te kenbe konfyans fèm yo
nan Bondye. **5** Richès fè moun pèdi tèt yo pi mal pase
bweson. Moun ki gen lògèy pa ka rete trankil. Tankou
simityè, yo pa janm gen ase. Tankou kote mò yo ye a, yo
pa janm gen kont yo. Yo mache pran tout nasyon yo pou
yo. Yo mete tout pèp yo anba ponyèt yo. **(Sheol h7585)** **6**
Men, tout pèp sa yo pral pase yo nan betiz, yo pral rele
chalbari dèyè yo, yo pral bay istwa sou yo. Yo pral di:
Madichon pou moun k'ap plede pran sa ki pa pou yo! Kilè
y'a sispann fè sa? Madichon pou moun k'ap bay ponya
epi k'ap fè moun peye gwo enterè mete sou li! **7** Talè
konsa, se nou ki pral nan pran ponya. Moun nou dwe yo
pral leve dèyè nou. Yo pral piye tou sa nou genyen. **8**
Nou te piye anpil nasyon. Koulye a rès moun ki te chape
yo pral piye tou sa nou genyen paske nou te touye anpil
moun, nou te fè peyi yo, lavil yo ansanm ak moun ki te
rete ladan yo pase anpil mati anba men nou. **9** Madichon
pou moun k'ap vòlò pou fè fanmi yo rich, k'ap bati kay sou
mòn pou malè pa rive yo! **10** Se wont nou fè fanmi nou
yo wont. Lè nou detwi anpil nasyon konsa, se pwòp tèt
nou nou fè mal. **11** Ata wòch ki nan miray yo ap denonse
nou. Poto travès kay yo ap fè menm bagay la tou. **12**
Madichon pou moun k'ap touye moun, k'ap fè lenjistis pou
bati lavil yo! **13** Travay pèp yo ap fè a pral boule nan dife.
Se pou gremesi nasyon yo ap fatige kò yo travay di. Se
Seyè a menm k'ap fè sa rive konsa. **14** Menm jan lanmè
a plen dlo, se konsa toupatou sou latè moun pral konnen
pouvwa Bondye a. **15** Madichon pou moun k'ap fè moun
parèy yo bwè pou avili yo. Yo vide bweson ba yo jouk yo
sou. Yo mete yo toutouni devan tout moun. **16** Moun p'ap
fè lwanj pou yo. Okontrè, yo pral trennen yo nan labou.
Se yo menm ki pral bwè pou yo sou jouk y'a mete yo
toutouni devan tout moun tou. Seyè a nan kòlè li pral fè
yo bwè gode chatiman li pare pou yo a. Yo t'ap chache
lwanj? Se wont y'a wont pito. **17** Yo te koupe tout gwo
rakbwa peyi Liban an. Koulye a, se yo yo pral koupe voye
jete. Yo te touye tout bèt li yo. Koulye a, bèt li yo pral fè yo
kouri al kache. Tou sa pral rive yo paske yo te touye anpil
moun, yo te fè peyi yo, lavil yo ansanm ak moun ladan yo
pase anpil mati anba men yo. **18** Kisa yon estati an bwa
ka fè pou nou, pou nou fè moun travay fè li pou nou?
Kisa yon estati fèt ak metal yo fonn ka fè pou nou? Se
manti ase l'ap ban nou. Sa sa ap rapòte nou lè nou fè
zidòl ki pa ka pale pou nou mete konfyans nou nan yo?
19 Madichon pou moun k'ap pale ak yon bout bwa, epi
k'ap di l': Leve non! Madichon pou moun k'ap pale ak yon
moso wòch ki pa gen lapawòl, epi k'ap di l': Kanpe non!
Eske bout bwa ak moso ròch ka di ou anyen? Ou kouvri
yo avèk plak lò ak plak ajan, se vre. Men yo pa gen lavi.

20 Seyè a kanpe nan kay ki apa pou li a. Se pou tout
moun sou latè pe bouch devan li.

3 Men lapriyè pwofèt Abakouk te fè pou li plenyen sò
li bay Bondye. 2 -Seyè! Mwen tande tou sa ou te di.
M' sezi, m'ap tranble nan tout kò m'. Seyè, gwo mèvèy
ou te konn fè nan tan lontan yo, koulye a, fè nou wè yo
nan lanne k'ap vini yo. Menm lè ou fache, pa bliye gen
pitye pou nou! 3 Bondye ap vini soti peyi Edon. Bondye
tout bon an ap desann soti sou mòn Paran an. Pouvwa li
kouvri tout syèl la. Lwanj li toupatou sou latè. 4 Li klere
kou gwo solèy. Zèklè ap soti nan men l'. Se la li kache
tout pouvwa li. 5 Li voye vye maladi pran devan li. Li mete
lanmò mache dèyè l'. 6 Lè l' kanpe, latè pran tranble. Li
annik gade, moun tout nasyon gen kè kase. Mòn ki la
depi lontan yo kraze an miyèt moso. Ti mòn tan lontan
yo vin plat. Chemen kote li te konn pase tan lontan yo
louvri devan l'. 7 Mwen wè moun peyi Letiopi yo nan gwo
lafliksyon. Moun peyi Madyan yo tou pè. 8 Eske se sou
gwo rivyè yo ou move konsa, Seyè? Eske se sou lanmè a
ou fache? Eske se sou lanmè a ou ankòlè konsa, kifè ou
moute sou nwaj yo tankou sou chwal ou, tankou sou cha
ou pou al delivre pèp ou a? 9 Ou kenbe banza ou tou
pare nan men ou. Pawòl ou se pakèt flèch anpwazonnen.
Zèklè ou yo fann tè a louvri. 10 Mòn yo wè ou, yo pran
tranble. Gwo lapli ap tonbe soti nan syèl la. Dlo anba tè yo
ap gwonde. Gwo lanm lanmè ap leve byen wo. 11 Flèch
ou yo pati tankou zèklè. Lans ou yo klere byen klere. Lalin
ak solèy pa parèt tèt yo deyò. 12 Ou move, w'ap mache
toupatou sou latè. Nan kòlè ou, ou pilonnen nasyon yo
anba pye ou. 13 Ou soti pou delivre pèp ou a, pou sove
wa ou chwazi a. Ou kraze chèf mechan yo. Ou detwi tout
moun li yo nèt. 14 Avèk flèch ou yo, ou pèse kòmandan
an chèf lame yo a, lè yo t'ap vare sou nou tankou yon van
tanpèt pou gaye nou. Je yo gran louvri ak kontantman
tankou moun ki pral devore pòv malere yo kote yo kache
a. 15 Ou foule lanmè a anba pye chwal ou yo. Ou fè dlo
lanmè a kimen. 16 Mwen tande tou sa. Vant mwen bouyi!
Lè m' tande tout bri sa yo, bouch mwen pran tranble. Tout
zo nan kò m' ap fè m' mal. M' pa ka kanpe sou janm
mwen ankò! Mwen rete byen trankil, m'ap tann jou malè a
rive, jou Bondye pral mache pran moun k'ap chache nou
kont yo. 17 Pye fig frans yo te mèt pa donnen, pye rezen
yo te mèt pa bay rezen, rekòt oliv yo te mèt pa bon, jaden
yo te mèt pa bay manje, mouton yo te mèt mouri nan
sèka yo, bèf yo te mèt mouri nan pak yo, 18 mwen menm,
m'ap toujou kontan poutèt Seyè a. M'ap fè fèt pou Bondye
k'ap delivre m' lan. 19 Se Seyè a ki tout fòs mwen. Li asire
pye m' tankou pye kabrit. Li fè m' mache sou mòn yo, san
m' pa tonbe. Pou chèf k'ap dirije moun k'ap chante yo.

Sofoni

1 Men mesaj Seyè a te bay Sofoni sou rèy Jozyas, pitit
Amon an, ki te wa peyi Jida. Sofoni te pitit Kouchi.
Kouchi te pitit Gedalya. Gedalya sa a te pitit Amarya ki li
menm te pitit wa Ezekyas. **2** Seyè a di konsa: -Mwen
pral detwi dènye bagay sou latè. **3** Mwen pral detwi tout
moun, tout bèt, tout zwezo nan syèl la ak tout pwason
nan lanmè, mechan yo ansanm ak tou sa k'ap fè yo tonbe
nan peche. Mwen pral detwi tout moun, mwen p'ap kite
yonn sou latè. Se mwen menm, Seyè a, ki di sa. **4** Mwen
pral kraze moun peyi Jida yo ansanm ak moun ki rete lavil
Jerizalèm yo anba men m'. Mwen pral disparèt dènye
kras zidòl Baal nan peyi a. Pesonn p'ap janm chonje prèt
k'ap sèvi l' yo ankò. **5** Mwen pral disparèt dènye moun
k'ap moute sou teras anwo kay pou adore solèy, lalin ak
zetwal nan syèl la. M'ap detwi moun k'ap pran non mwen
mete ansanm ak non zidòl Milkòm lan pou fè sèman. **6**
M'ap detwi tout moun ki vire do ban mwen, ki pa koute
pawòl mwen yo, ki pa vin mande m' konsèy ankò. **7** Jou
pou Seyè a vin jije a pa lwen rive! Se pou tout moun pe
bouch yo devan Seyè a. Seyè a ap pare pou li fè gwo
sèvis pou touye bèt. Li chwazi moun l'ap envite yo. **8** Jou
gwo sèvis ofrann bèt sa a, m'ap pini tout gwo chèf yo, tout
pitit wa yo ansanm ak tout moun k'ap kopye sou moun lòt
nasyon yo. Se Seyè a menm ki di sa. **9** M'ap pini tout
moun k'ap fè sèvis tankou moun lòt nasyon yo. Wi, jou sa
a, m'ap pini tout moun k'ap vòlò, k'ap touye moun pou yo
ka plen tanp zidòl yo ak sa yo pran. **10** Se mwen menm
Seyè a k'ap pale toujou. Jou sa a n'a tande gwo rèl bò
Pòtay Pwason nan lavil Jerizalèm. N'a tande moun ap
plenn byen fò nan katye nèf lavil la. N'a tande yon gwo
deblozay pete sou ti mòn yo. **11** Nou menm ki rete anba
lavil, rele byen fò paske tout moun ki t'ap fè trafik yo pral
mouri. Wi, yo pral disparèt tout moun ki t'ap fè lajan sou
tèt moun nan kòmès. **12** Lè sa a, men sa k'ap rive. M'ap
limen lanp pou m' fouye lavil Jerizalèm. M'ap pini tout
moun ki chita chita yo tou dousman, epi k'ap di nan kè yo:
Bondye p'ap fè anyen. **13** Se sa yo kwè! Y'ap piye tout
richès yo, y'ap kraze tout kay yo. Y'ap bati kay, men yo
p'ap menm gen tan antre ladan yo. Y'ap plante pye rezen,
men yo p'ap menm gen tan pran fre diven an. **14** Wi,
gwo jou Seyè a pa lwen rive. Sa pral yon gwo jou vre.
Li pa lwen rive. L'ap rive byen vit. Jou sa a, sa pral rèd
nèt! Ata sòlda ki pi vanyan yo pral rele anmwe. **15** Jou
sa a pral yon jou dechennen, yon jou lafliksyon ak kè
sere, yon jou kraze brize, yon jou k'ap fè nwè kou lank,
yon jou van ak gwo nwaj nwa ap plen syèl la. **16** Yon jou
twonpèt ap kònen, sòlda ap rele pou yo gen kouray pou y'
al atake lavil ki gen gwo miray ranpa ak fò byen wo nan
chak kwen pou pwoteje yo. **17** Seyè a te di ankò: -Mwen
pral manyen ak lèzòm! Yo pral tatonnen tankou avèg,
paske yo te peche kont Seyè a. San yo pral koule kou
dlo, kadav yo pral pouri tankou fatra. **18** Jou Seyè a pral
move sou yo a, ni lajan yo ni lò yo p'ap ka sove yo. Kòlè li
tankou yon dife k'ap boule tout tè a, paske yon sèl kou a,
l'ap disparèt tout moun ki rete sou latè. L'ap fini ak yo.

2 Bann san wont! Pran tèt nou. Kalkile byen, **2** anvan
nou pase tankou pay van pote ale yon sèl jou, anvan
dife kòlè Seyè a tonbe sou nou, anvan jou kòlè Seyè a
rive sou nou. **3** Nou menm, pòv malere nan peyi a k'ap fè
sa Seyè a bay lòd fè a, vin jwenn li. Fè sa ki dwat devan
li. Pa kite lògèy vire tèt nou. Nou pa janm konnen, nou ka
chape jou Seyè a va fè wè kòlè li. **4** p'ap rete yon moun
lavil Gaza. Lavil Askalon ap tounen yon dezè. Gwo midi,
y'ap mete tout moun Asdòd yo deyò. Y'ap depòte tout
moun Ekwon yo. **5** Madichon pou moun peyi Filisti yo ki
rete tout bò lanmè a! Seyè a ban nou santans nou, nou
menm moun Filisti ki rete nan peyi Kanaran an. L'ap detwi
nou nèt, li p'ap kite yon moun nan peyi a. **6** Tout bò lanmè
a pral tounen savann kote gadò mouton va mennen bèt
yo vin manje. **7** Ti ponyen moun ki va rete nan fanmi
Jida a va gen tout bò lanmè a pou yo. Se la y'a mennen
mouton yo al manje. Nan aswè, y'av al dòmi nan kay lavil
Askalon yo. Seyè a, Bondye yo a, va fè kichòy pou yo. L'a
fè yo leve tèt yo ankò. **8** Seyè a di ankò! -Mwen te tande
jan moun peyi Moab yo ak moun Amon yo t'ap joure pèp
mwen an. Yo t'ap pale yo mal. Yo t'ap mache di yo pral
pran peyi a nan men yo. **9** Se poutèt sa, mwen menm
Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye vivan pèp Izrayèl la,
mwen sèmante sou tèt mwen, sa ki te rive lavil Sodòm
lan, se sa ki pral rive peyi Moab la. Sa ki te rive lavil
Gomò a, se sa ki pral rive peyi moun Amon yo. Yo pral
tounen yon kote se pikan chadwon ase ki pral leve, yon
mi n' sèl, yon dezè pou tout tan. Ti ponyen ki va rete nan
moun pèp mwen yo va piye yo, ti ponyen ki va rete nan
moun k'ap sèvi m' yo va pran peyi a pou yo. **10** Se sa ki
pral rive moun Moab yo ak moun Amon yo, paske yo te
gen lògèy, yo t'ap pale pèp Seyè ki gen tout pouvwa a
mal. Yo t'ap mache di yo pral pran peyi a nan men yo. **11**
Seyè a pral fè yo pase pa yo. Li pral disparèt tout bondye
moun sou latè yo ap sèvi. Lèfini, tout nasyon toupatou sou
latè pral adore l', yo chak nan peyi pa yo. **12** Nou menm
tou, moun peyi Letiopi yo, Seyè a ap touye nou nan lagè!
13 Seyè a va leve men l' bò nan nò, l'ap detwi peyi Lasiri.
L'ap fè lavil Niniv tounen yon savann, yon tè sèk tankou
dezè. **14** Se la tout kalite bèt savann pral chwazi fè kay
yo. Koukou ak zagoudi pral fè nich yo nan mitan moso
demoli kay wòch yo. Y'ap rele bò fennèt yo. Kaou va rele
nan papòt kay yo. Y'ap rache tout bwa sèd nan chapant
kay yo. **15** Men sa ki pral rive lavil kote moun t'ap pran
plezi yo, lavil kote moun te mete nan tèt yo anyen pa ka
rive yo, lavil kote moun yo t'ap di nan kè yo: Se mwen
menm sèl chèf! Pa gen lòt! Tout moun k'ap pase bò la pral
sezi, y'ap mete men nan tèt lè yo wè sa ki rive.

3 Madichon pou moun lavil Jerizalèm! Yo vire kont
Bondye, yo lage kò yo nan dezòd, lèfini y'ap peze
moun parèy yo. **2** Yo pa t' koute Seyè a. Yo pa t' pran
pinisyon Bondye a pou anyen. Yo pa t' mete konfyans yo

nan Seyè a ankò, yo pa t' vin mande Bondye yo a konsèy
ankò. 3 Nan lavil la, chèf yo tankou lyon ki grangou. Jij yo
tankou chen mawon ki soti apre solèy kouche. Yo tèlman
akrèk, yo pa kite yon ti zo pou denmen maten. 4 Pwofèt
yo pa serye. Pesonn pa ka fye yo. Prèt yo menm pa
respekte bagay ki apa pou Bondye. Yo fè lalwa Bondye
a di sa yo vle. 5 Men Seyè a la nan lavil la. Li pa nan
patipri. Li p'ap fè lenjistis. Chak maten, li bay santans
li. Depi bajou kase, li la l'ap rann jistis. Men, moun k'ap
fè sa ki mal yo pa gen nen nan figi yo. 6 Seyè a di: -
Mwen disparèt nasyon yo. Mwen kraze gwo fò nan kwen
miray ranpa yo. Mwen pa kite yon moun ap mache nan
lari. Yo piye lavil yo. Yo pa kite yon moun vivan ladan yo.
7 Mwen te kwè pèp mwen an ta gen yon ti krentif pou
mwen. Leson an ta sèvi yo. Yo pa ta janm bliye sa m' te fè
yo pase. Men, se lè sa a yo lage kò yo pi rèd nan fè sa ki
mal. 8 Seyè a di: -Nou mèt tann mwen! Nou mèt tann jou
pou m' kanpe akize nasyon yo! Mwen fin pran desizyon
mwen: m'ap sanble tout nasyon yo ak tout peyi yo pou m'
fè yo santi jan m' fache, jan m' ankòlè sou yo. Paske nan
kòlè mwen, mwen pral boule tout latè. 9 Lè sa a, m'a
chanje pawòl ki nan bouch nasyon yo. Se mwen menm yo
tout yo pral lapriyè. Yo pral mete tèt yo ansanm pou yo
sèvi m'. 10 Moun ap soti byen lwen lòt bò larivyè peyi
Letiopi yo, y'ap vin ansanm ak moun pèp mwen an ki te
gaye toupatou, y'ap pote ofrann yo ban mwen. 11 Jou sa
a, nou menm pèp mwen an, nou p'ap bezwen wont tou sa
nou te fè lè nou te vire do ban mwen an. Mwen wete tout
moun ki gen lògèy nan mitan nou, tout moun k'ap gonfle
lestonmak yo sou moun. Nou va sispann kenbe tèt avè m'
sou mòn ki apa pou mwen an. 12 Men, moun m'a kite nan
lavil la se pòv malere yo ki pa kite lògèy vire tèt yo. Se
anba zèl mwen y'a vin chache pwoteksyon. 13 Ti ponyen
moun ki va rete nan pèp Izrayèl la p'ap nan fè moun mal,
yo p'ap nan bay manti, yo p'ap nan twonpe moun. Y'a
manje, y'a dòmi, anyen p'ap fè yo pè. 14 Nou menm, pèp
Izrayèl, rele chante pou di jan nou kontan! Nou menm ki
rete sou mòn Siyon an, rele byen fò, fè fèt! Nou menm
moun lavil Jerizalèm, fè kè nou kontan, danse ak tout
nanm nou! 15 Seyè a wete tout moun ki t'ap fini avèk nou
yo. Li bale tout lènmi nou yo ale. Seyè a, wa pèp Izrayèl
la, l'a nan mitan nou. Pa gen malè ki pou rive nou ankò!
16 Jou sa a, y'a di moun lavil Jerizalèm yo: Nou menm ki
rete sou mòn Siyon an, nou pa bezwen pè. Pa dekouraje!
17 Seyè a, Bondye nou an, l'a nan mitan nou! Se yon
vanyan gason. Se li menm k'ap delivre nou. Li kontan wè
sa n'ap fè. L'ap mete ou kanpe ankò paske li renmen ou.
W'ap fè kè l' kontan. li ap chante 18 tankou lè gen fèt:
Seyè a di: -Mwen wete sa ki t'ap fè nou pè a. Mwen wete
wont ki te sou nou an. 19 Jou sa a, m'a pini tout moun ki
t'ap peze nou yo. M'a sove moun k'ap bwete yo, m'a fè
moun yo te depòte yo tounen lakay yo. Nan tout peyi kote
moun t'ap fè yo wont mwen pral fè yo fè lwanj pou yo, tout
moun pral nonmen non yo. 20 Lè sa a, m'a fè nou tounen
lakay nou. Wi, m'a fè nou sanble ankò nan peyi nou an.
M'a fè moun toupatou sou latè fè lwanj nou, y'a nonmen
non nou. N'a wè m'a fè peyi nou an kanpe ankò. Se Seyè
a menm ki di sa.

Aje

1 Nan dezyèm lanne rèy wa Dariyis nan peyi Pès la, premye jou nan sizyèm mwa a, Seyè a te bay pwofèt
Aje yon mesaj pou Zowobabèl, pitit gason Chealtyèl la, ki
te gouvènè peyi Jida ansanm ak pou Jozye, pitit gason
Jozadak la, ki te granprèt lè sa a. Men mesaj la: **2** -Seyè
ki gen tout pouvwa a pale. Men sa li di: Moun yo ap plede
di se poko lè pou yo bati kay Seyè a! **3** Se poutèt sa, men
mesaj Seyè a te bay pwofèt Aje pou pèp la. **4** Ki jan nou
fè pa wont rete nan gwo kay nou byen alèz, epi nou kite
kay Bondye a tou kraze? **5** Bon. Koulye a, men sa Seyè
ki gen tout pouvwa a di: Kalkile byen sou sa k'ap rive nou
la a. **6** Nou simen anpil grenn nan jaden nou, men nou
rekòlte ti kras. Nou manje, men vant nou pa plen. Nou
bwè diven, men kè nou pa kontan. Nou gen rad pou mete
sou nou, men fredi ap kale nou toujou. Travayè yo touche
lajan, men sa pa ka bouche yon twou dan. **7** Wi! Men sa
Seyè ki gen tout pouvwa a di nou: Kalkile byen sou sa
k'ap rive nou la a! **8** Lèfini, ale nan mòn yo. Koupe bwa
pote vini. Rebati kay mwen an. Sa va fè m' plezi, se va
yon lwanj pou mwen. Se Seyè a ki di sa. **9** Nou te kwè
nou t'ap fè bèl rekòt. Men, rekòt la mèg. Nou ranmase l'
mete nan depo, mwen fè l' gate. Poukisa mwen fè sa? Se
Seyè ki gen tout pouvwa k'ap pale wi. Se paske nou kite
tanp mwen an ap kraze epi tout moun ap prese bati kay
pa yo. **10** Se poutèt sa, lapli pa tonbe, anyen pa pouse.
11 Mwen lage yon sèl chechrès nan peyi a, sou mòn yo,
sou jaden ble yo, sou jaden rezen yo ak jaden oliv yo, sou
tou sa k'ap pouse sou latè, sou moun, sou bèt, sou tout
sa nou plante. **12** Lè sa a, Zowobabèl, pitit Chealtyèl la,
Jozye, granprèt la, pitit Jozadak la, ansanm ak tout moun
ki te tounen soti nan peyi kote yo te depòte yo a, yo koute
sa Seyè a, Bondye yo a, te di yo, dapre mesaj Seyè a te
bay pwofèt Aje pou yo a. Yo te vin gen krentif pou Seyè a.
13 Epi, Aje, mesaje Seyè a, bay pèp la yon lòt mesaj Seyè
a te ba li. Li di yo: -Seyè a fè nou konnen li la avèk nou.
14 Seyè a mete nan tèt tout moun lanvi pou yo travay nan
tanp Bondye yo a, depi Zowobabèl, pitit gason Chealtyèl
la, gouvènè peyi Jida a, Jozye, granprèt la, pitit gason
Jozadak la, jouk dènye moun ki te tounen soti nan peyi
kote yo te depòte yo a. Yo konmanse travay nan tanp
Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye yo a, **15** jou ki te
make vennkatriyèm jou nan sizyèm mwa nan dezyèm
lanne rèy wa Dariyis la.

2 Jou ki make venteyenyèm jou nan setyèm mwa nan
menm lanne a, Seyè a bay pwofèt Aje yon lòt mesaj
ankò. **2** Li di li konsa: -Pale ak Zowobabèl, pitit gason
Chealtyèl la, gouvènè peyi Jida a, ak Jozye, granprèt la,
pitit gason Jozadak la, ansanm ak pèp ki te tounen soti
nan peyi kote yo te depòte yo a. W'a di yo: **3** Eske gen
yonn nan nou ki chonje jan tanp lan te bèl nan tan lontan?
Ki jan nou wè l' koulye a? Nou pa wè li pa vo anyen?
4 Men koulye a, kouraj, Zowobabèl! Se Seyè a menm
k'ap pale avè ou. Kouraj, Jozye, granprèt la, pitit Jozadak
la! Kouraj, nou tout ki rete nan peyi a! Se Seyè a menm
k'ap pale ak nou! Mete men nan travay la, paske mwen
la avèk nou! Se mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa
a, ki di sa! **5** Lè nou t'ap soti kite peyi Lejip la, mwen te
pwomèt mwen t'ap toujou la avèk nou. Enben! M' la nan
mitan nou. Nou pa bezwen pè. **6** Paske men sa Seyè ki
gen tout pouvwa a di: Anvan lontan, mwen pral souke
syèl la ak latè a, lanmè a ak tè yo. **7** Mwen pral souke
tout nasyon yo. Yo pral pote tout richès yo isit la, yo pral
plen kay sa a ak bèl bagay. Se Seyè ki gen tout pouvwa a
menm ki di sa. **8** Se pou mwen tout lò ak tout ajan sou
latè ye. Se Seyè ki gen tout pouvwa a menm ki di sa.
9 Kay sa a ap pi bèl lontan pase premye a. Se isit la
menm m'ap bay tout moun kè poze. Se mwen menm,
Seyè ki gen tout pouvwa a, ki di sa! **10** Jou ki te make
vennkatriyèm jou nan nevyèm mwa nan dezyèm lanne rèy
wa Dariyis la, Seyè ki gen tout pouvwa a bay pwofèt Aje
yon lòt mesaj ankò. Li di l' konsa: **11** -Al mande prèt yo sa
lalwa di sou sa. **12** Si yon moun pran yon moso vyann yo
mete apa pou Bondye, li vlope l' nan ke rad li. Lèfini, li kite
rad la touche yon pen, osinon yon manje kwit, osinon yon
veso ki gen diven osinon ki gen lwil, ou nenpòt ki kalite
manje, èske sa ap mete manje a apa pou Bondye tou pou
sa? Lè Aje mande prèt yo sa, yo reponn li: -Non! **13** Lèfini,
Aje mande yo: -Lè yon moun pa nan kondisyon pou l' sèvi
Bondye paske li te manyen yon kadav, lèfini si li manyen
yonn nan kalite manje sa yo, èske sa ap fè manje yo pa
bon pou sa pou moun ki nan kondisyon pou sèvi Bondye?
Prèt yo reponn li: -Wi! **14** Lè sa a, Aje di yo konsa: -Men
sa Seyè a di. Se menm bagay la tou pou pèp nasyon sa a
ansanm ak tou sa y'ap fè a. Sa yo ofri ban mwen an pa
bon, paske yo pa nan kondisyon pou yo sèvi Bondye. **15**
Men sa Seyè a di ankò: -Depi jòdi a, kalkile byen sou sa
ki rive nou. Anvan nou te konmanse rebati kay ki apa pou
Seyè a, **16** ki jan sa te ye pou nou? Nou te al fè rekòt nan
yon jaden ble, nou te konprann nou t'ap jwenn vin barik,
se dis ase nou jwenn. N' al chache diven nan yon barik
depo, nou te konprann nou t'ap jwenn senkant galon, se
vin galon ase nou jwenn. **17** Mwen voye lawouy ak lagrèl
gate tou sa nou te plante ak men nou. Mwen fè yo kanni.
Men, nou yonn pa tounen vin jwenn mwen. Se Seyè a ki
di sa. **18** Men jòdi a, vennkatryèm jou nan nevyèm mwa
a, jou nou te fini ak fondasyon tanp lan, kalkile byen sou
sa ki pral rive nou la a! **19** Ata grenn pou plante pa gen
ankò nan depo nou yo. Ni pye rezen nou yo, ni pye fig
frans nou yo, ni pye grenad nou yo, ni pye oliv nou yo pa
donnen ankò. Men, depi jounen jòdi a, mwen pral beni
nou. **20** Menm jou sa a, ki te vennkatriyèm jou nan mwa
a, Seyè a bay Aje yon dezyèm mesaj. Li di l' konsa: **21** -
Pale ak Zowobabèl, gouvènè peyi Jida a, di l' pou mwen:
Mwen pral souke syèl la ak latè a. **22** Mwen pral jete wa
k'ap gouvènen yo, mwen pral detwi pouvwa nasyon yo.
Mwen pral chavire cha lagè yo ansanm ak moun ki sou
yo. Tout chwal yo pral mouri. Pou moun ki te sou chwal yo

menm, yonn pral touye lòt ak nepe yo. **23** Jou sa a, m'ap
pran ou, ou menm Zowobabèl, sèvitè m' lan, pitit gason
Chealtyèl la, m'ap ba ou pouvwa pou gouvènen nan non
mwen, paske se ou menm mwen chwazi pou sa. Se Seyè
ki gen tout pouvwa a ki di sa

Zakari

1 Nan uityèm mwa dizyèm lanne rèy wa Dariyis, Seyè a
pale ak pwofèt Zakari, ki te pitit Berekya, pitit pitit Ido.
Li ba li mesaj sa a pou pèp la. **2** Li di li: -Mwen menm
Seyè a, mwen te fache anpil sou zansèt nou yo. **3** Men
koulye a, mwen menm Seyè ki gen tout pouvwa a, men
sa m' voye di nou: Tounen vin jwenn mwen, m'a tounen
vin jwenn nou tou. Se vre wi sa m'ap di nou la a. **4** Pa fè
tankou zansèt nou yo. Nan tan lontan pwofèt yo te ba yo
mesaj mwen. Yo te di yo: Men sa Seyè a di nou: Kite
move chemen n'ap swiv la. Sispann fè sa ki mal. Men, yo
pa t' koute m', yo fè tankou se pa avè yo m' t'ap pale. Se
vre wi sa m'ap di la a. **5** Kote zansèt nou yo ye koulye
a? Eske pwofèt yo te ka viv san yo pa janm mouri? **6**
Men, sa m' te di nan pawòl ak lòd mwen te bay pwofèt yo,
sèvitè m' yo, pou zansèt nou yo, èske sa pa rive yo vre?
Lè sa a, yo vin règrèt sa yo te fè a. Yo rekonèt mwen
menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, mwen te pini yo pou
jan yo t'ap viv la, pou tou sa yo te fè ki mal, jan mwen te
soti pou m' fè l' la. **7** Nan dezyèm lanne rèy wa Dariyis,
vennkatriyèm jou nan onzyèm mwa a, mwa yo rele Cheba
a, Seyè a bay pwofèt Zakari, pitit Berekya, pitit pitit Ido a,
yon mesaj. **8** Men ki jan pwofèt la rakonte l': -Mwen fè yon
vizyon nan mitan lannwit: Mwen wè yon nonm sou yon
chwal wouj. Li te kanpe nan mitan yon bann pye jasmen
ki te nan yon ti fon anba pyebwa. Te gen yon chwal wouj,
yon chwal alzan ak yon chwal blan kanpe dèyè do l'. **9**
Mwen mande: -Kisa chwal sa yo ye menm, mèt? Zanj ki
t'ap pale avè m' lan reponn mwen: -Mwen pral fè ou wè
sa yo ye. **10** Nonm ki te kanpe nan mitan pye jasmen yo
pran lapawòl, li di m' konsa: -Se moun Seyè a te voye al
wè sa k'ap pase toupatou sou latè. **11** Chwal yo pale ak
zanj Bondye a ki te kanpe nan mitan pye jasmen yo, yo di
l' konsa: -Nou te ale toupatou sou latè. Nou te wè tout
moun chita byen dousman lakay yo, san bri san kont.
12 Lè sa a, zanj Seyè a pran lapawòl, epi li di: -Seyè ki
gen tout pouvwa, sa fè swasanndizan depi ou ankòlè sou
lavil Jerizalèm ak sou lavil Jida yo. Kilè w'a resi gen pitye
pou yo? **13** Seyè a reponn zanj ki t'ap pale avè m' lan.
Li ba li bon pawòl pou remoute kouraj li. **14** Lèfini, zanj
ki t'ap pale avè m' lan di m': -Men sa pou ou fè moun
yo konnen: Seyè ki gen tout pouvwa a pale. Li di: Mwen
renmen lavil Jerizalèm ki sou mòn Siyon an anpil anpil.
15 Men, mwen move anpil sou nasyon k'ap mennen lavi
dous yo. Mwen te fache sou pèp mwen an, se vre. Men,
mwen pa t' twò fache pase sa. Men, nasyon yo pwofite,
yo fè gwo malè sou li. **16** Se poutèt sa, men sa Seyè
a di: M'ap tounen vin jwenn lavil Jerizalèm ankò, m'ap
gen pitye pou li. Yo pral rebati tanp mwen an nan lavil la.
Jerizalèm pral kanpe ankò. Se mwen men, Seyè a, ki
di sa: **17** Zanj lan di m': -Men yon lòt bagay pou fè yo
konnen ankò. Seyè a pale, li di konsa: Lavil mwen yo pral
wè zafè yo mache byen ankò. M'ap gen pitye pou mòn
Siyon an ankò. Mwen pral chwazi lavil Jerizalèm pou li
rele m' pa m' ankò. **18** Apre sa, mwen fè yon lòt vizyon,
mwen leve je m' gade. Mwen wè kat kòn bèf. **19** Mwen
mande zanj ki t'ap pale avè m' lan: -Kisa kòn sa yo ye,
mèt? Li reponn mwen: -Kòn sa yo, se nasyon ki te depòte
moun peyi Jida yo, pèp Izrayèl la ansanm ak moun lavil
Jerizalèm yo. **20** Apre sa, Seyè a fè m' wè kat bòs fòjon
ak mato nan men yo. **21** Mwen mande l': -Kisa moun sa
yo vin fè la a? Li reponn mwen: -Kòn sa yo, se nasyon ki
te depòte tout pèp peyi Jida a, ki te fè tout moun Jida yo
t'ap mache tèt bese. Men, bòs fòjon sa yo vini pou yo
fè nasyon yo pè, pou kraze pouvwa tout nasyon ki t'ap
pwofite sou pèp peyi Jida a, lèfini ki te gaye yo toupatou.

2 Apre sa, mwen fè yon lòt vizyon, mwen leve je m'
gade. Mwen wè yon nonm avèk yon chenn pou mezire
nan men l'. **2** Mwen mande l': -Kote ou prale? Li reponn
mwen: -Mwen pral pran mezi lavil Jerizalèm, pou m' wè
ki longè ak ki lajè li genyen. **3** Zanj ki t'ap pale avèk
mwen an te rete kanpe. Yon lòt zanj pwoche devan l' vin
jwenn li. **4** Premye zanj lan di dezyèm lan: -Kouri al di
jenn gason ou wè ak chenn nan men l' lan: sitèlman pral
gen moun ak bèt nan lavil Jerizalèm, yo p'ap bezwen
bati miray pou fèmen l'. **5** Seyè a pale, li fè konnen se
li menm k'ap tankou yon gwo miray dife k'ap fè wonn
lavil la pou pwoteje l'. Li di: M'ap rete nan mitan lavil la
ak tout pouvwa mwen. **6** Men sa Seyè a di: -Ey! Nou
menm mwen te gaye nan kat kwen latè yo, kouri, kouri
kite peyi ki nan nò a. **7** Ey! Nou menm moun Siyon ki
rete lavil Babilòn yo, sove kò nou! **8** Men sa Seyè ki gen
tout pouvwa di: Se li menm ki voye m'. Men sa li di sou
nasyon ki te piye pèp li a. Si yon moun manyen pèp la, se
tankou si li te foure dwèt nan je m'. **9** Mwen menm mwen
pral regle ak nou. Moun nou te fè tounen esklav yo, se
yo menm ankò ki pral piye nou. Lè sa a, tout moun va
konnen se Seyè ki gen tout pouvwa a ki te voye m'. **10**
Seyè a di ankò: -Nou menm moun lavil Jerizalèm, chante!
Fè kè nou kontan! Men m'ap vini pou m' rete nan mitan
nou! Se mwen menm, Seyè a, ki di sa! **11** Lè sa a, anpil
nasyon va vin jwenn Seyè a pou yo sèvi l'. Se pèp pa li
menm y'ap ye. L'a vin rete nan mitan yo. Lè sa a, n'a
konnen se Seyè ki gen tout pouvwa a ki te voye m' kote
nou. **12** Seyè a va pran peyi Jida a pou li tankou pòsyon
pa l' nan tè yo mete apa pou li a. L'a chwazi lavil Jerizalèm
ankò. **13** Se pou tout moun pe bouch yo devan Seyè a,
paske l'ap soti kote ki apa pou li a, l'ap vin delivre nou!

3 Apre sa, Seyè a fè m' wè Jozye, granprèt la, ki te
kanpe devan zanj Seyè a. Satan menm te kanpe sou
bò dwat Jozye pou l' te ka akize l'. **2** Zanj Seyè a di Satan
konsa: -Se pou Seyè a regle ou, Satan. Wi, se pou Seyè a
ki renmen lavil Jerizalèm lan regle ou! Nonm sa a tankou
yon bout bwa tou limen yo kouri wete nan dife pou l' pa fin
boule nèt. **3** Jozye te kanpe la devan zanj Seyè a, ak rad
li tou sal. **4** Zanj lan pran lapawòl ankò, li pale ak lòt zanj
ki te la tou devan li. Li di yo: -Wete rad sal ki sou li a.
Epi li di Jozye konsa: -Ou wè. Mwen wete tout peche

ou yo. M'ap ba ou bèl rad pwòp pou ou mete sou ou. **5** Lèfini, li pase yon lòd, li di lòt zanj yo: -Mare tèt li ak yon mouchwa pwòp. Yo mare tèt Jozye ak yon bèl mouchwa pwòp, epi yo mete rad pwòp sou li. Zanj lan menm te kanpe la ap gade. **6** Apre sa, zanj Seyè a pale ak Jozye, li di l' konsa: **7** -Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di ou: Si ou fè sa mwen di ou fè, si ou swiv lòd mwen ba ou yo, se ou menm ki pral gouvènen kay mwen an. W'a reskonsab lakou m' lan. M'a koute lapriyè ou menm jan mwen koute lapriyè zanj ki devan m' yo. **8** Koute byen, ou menm Jozye, granprèt la, ansanm ak prèt parèy ou yo ki la devan ou. Nou pral sèvi remak pou bagay ki gen pou rive a. M'ap fè sèvitè m' lan, sa yo rele Boujon an, vini. **9** Men m'ap mete yon wòch devan Jozye. Wòch sa a gen sèt fas. Se mwen menm ki pral make pawòl ki pou make sou wòch la. Se mwen menm Seyè ki gen tout pouvwa a ki di sa. M'ap pran yon sèl jou pou m' wete tout peche ki nan peyi a. **10** Jou sa a, yonn pral envite lòt vin lakay nou anba pye rezen ak pye fig frans nou yo. Se Seyè ki gen tout pouvwa a menm ki di sa.

4 Zanj ki t'ap pale ak mwen an vini ankò. Li souke m' tankou yo souke yon moun k'ap dòmi pou fè l' leve. **2** Li di m' konsa: -Sa ou wè la a? Mwen reponn li: -Mwen wè yon lanp sèt branch an lò ki kanpe atè. Li gen yon gwo bòl nan tèt li, avèk sèt lanp sou rebò bòl la. Chak lanp gen sèt bòbèch pou sèt mèch. **3** Bò lanp sèt branch lan te gen de pye oliv, yonn sou bò dwat, yonn sou bò gòch. **4** Apre sa, mwen pran lapawòl, mwen mande zanj ki t'ap pale avè m' lan: -Mèt, kisa bagay sa yo ye? **5** Li reponn mwen: -Ou pa konn sa sa yo ye? Mwen reponn li: -Non, mèt! M' pa konnen non! **6** Lè sa a, zanj ki t'ap pale avè m' lan reponn mwen, li di m': -Men mesaj Seyè a voye pou Zowobabèl: Se pa avèk vanyan sòlda ou yo, ni avèk pwòp kouraj ou ou pral rive nan sa ou gen pou fè a. Men se va avèk pouvwa lespri pa m' m'ap ba ou a. Se Seyè ki gen tout pouvwa a menm ki di sa. **7** Pi gwo antrav yo pral disparèt devan ou, Zowobabèl! Pi gwo mòn lan ap tounen yon plenn. Ou gen pou ou pran yon bèl wòch ladan l' pou fè lento pòtay tanp lan. Lè sa a tout moun va rele: Ala bèl sa bèl! Mèsi pou li! **8** Seyè a pale avè m' ankò, li di m': **9** -Zowobabèl mete men nan fondasyon kay la. Li gen pou l' fini l'. Lè sa a, pèp mwen an va konnen se mwen menm, Seyè a, ki te voye ou bò kote yo. **10** Yo te pran ti konmansman sa yo pou anyen. Men, ala kontan y'a kontan lè y'a wè Zowobabèl ap kontwole travay la, filaplon li nan men l'! Zanj lan di m' ankò: -Lanp sèt branch ou wè la a se sèt je Seyè a ki wè tou sa k'ap pase sou latè. **11** Mwen mande l': -De pye oliv ki chak bò lanp sèt branch lan, yonn sou bò dwat, yonn sou bò gòch, kisa yo ye? **12** De branch oliv sou kote de ti tiyo an lò kote lwil ap koule a, kisa yo vle di? **13** Li reponn mwen. -Ou pa konnen sa yo vle di? Mwen di l': -Non, mèt. M' pa konnen non! **14** Li di m' konsa: -Se de moun Bondye chwazi pou fè travay Seyè a, Mèt latè a.

5 Mwen wè yon lòt vizyon ankò, mwen leve je m' gade. Mwen wè yon liv an fòm yon woulo papye k'ap vole nan syèl la. **2** Zanj ki t'ap pale avè m' lan di m': -Kisa ou wè? Mwen reponn li: -Mwen wè yon liv an fòm yon woulo k'ap vole nan syèl la. Li gen trant pye longè ak kenz pye lajè. **3** Epi li di m': -Se madichon ki pral tonbe sou tout latè. Dapre sa ki ekri sou yon bò liv la, yo pral fè tout vòlò disparèt nan peyi a. Dapre sa ki ekri sou lòt bò a, moun k'ap fè sèman pou bay manti pral disparèt nan peyi a tou. **4** Seyè ki gen tout pouvwa a di konsa se li menm menm ki voye madichon sa a pou li antre nan kay tout moun k'ap vòlò, ak nan kay tout moun k'ap pran non m' fè sèman pou bay manti. L'a rete nan kay moun sa yo. Tankou dife, l'ap boule tout bwa ak tout wòch kay yo. **5** Zanj ki t'ap pale avè m' lan parèt ankò, li di m' konsa: -Leve je ou. Gade sa k'ap vin koulye a. **6** Mwen mande l': -Kisa l' ye? Li reponn mwen: -Se yon panyen. Se peche moun yo ap fè nan tout peyi a ki ladan l'. **7** Panyen an te gen yon kouvèti plon. Kouvèti a leve. Mwen wè yon gwo fanm chita anndan panyen an. **8** Zanj lan di m' konsa: -Fanm sa a, se mechanste ki non l'! Lèfini, li peze l' antre nan panyen an epi li mete kouvèti plon an sou li. **9** Apre sa mwen leve je m' gade, mwen wè de fanm. Yo te gen gwo zèl tankou sigòy. Yo t'ap vole nan syèl la vini. Yo pran panyen an, yo moute avè l'. **10** Mwen mande zanj ki t'ap pale avè m' lan: -Kote yo prale ak panyen an la a? **11** Li reponn mwen: -Yo pral bati yon tanp pou li nan peyi Babilòn. Y'ap fè yon pye pou li. Lèfini, y'ap mete l' la pou moun adore l'.

6 Mwen fè yon lòt vizyon ankò, mwen leve je m' gade. Mwen wè kat cha lagè ki t'ap soti nan fant de mòn fèt an kwiv. **2** Premye cha a te gen chwal wouj ki t'ap rale l'. Dezyèm cha a te gen chwal nwa ki t'ap rale l'. **3** Twazyèm cha a te gen chwal blan ki t'ap rale l'. Katriyèm cha a te gen chwal takte wouj ki t'ap rale l'. **4** Mwen pran lapawòl, mwen mande zanj ki t'ap pale avè m' lan: -Sa sa yo ye, mèt? **5** Zanj lan reponn mwen: -Se kat van ki fèk soti devan Mèt tout latè a. **6** Cha chwal nwa yo t'ap rale a pran direksyon peyi ki sou bò nò a. Cha chwal blan yo t'ap rale a pran menm direksyon an. Cha chwal takte wouj yo t'ap rale a pran direksyon peyi ki sou bò sid la. **7** Lè chwal takte wouj yo parèt, yo t'ap pyafe, yo pa t' ka tann ankò pou y' al toupatou sou latè. Zanj lan di yo: -Ale toupatou sou latè! Yo kouri ale toupatou sou latè. **8** Lèfini, zanj lan rele m', li di m' konsa: -Chwal ou wè ki pran direksyon peyi ki sou bò nò a fè kòlè Seyè a tonbe. **9** Seyè a pale avè m' ankò. Li di m' konsa: **10** -W'a pran ofrann moun ki soti nan peyi kote yo te depòte yo a: Eldayi, Tobija ak Jedaya. W'a ale lakay Jozyas, pitit gason Sofoni an, ki fèk rive soti lavil Babilòn. **11** W'a pran ajan ak lò yo te ba ou yo, w'a fè yon kouwòn, w'a mete l' sou tèt Jozye, pitit gason Jozadak la, granprèt la. **12** Lèfini, w'a pale avè l', w'a di l': Men sa Seyè a di: Men moun yo rele Boujon an. Li pral pouse kote li ye a. Li pral rebati kay ki apa pou Seyè a. **13** Se li menm ki pral rebati kay ki apa pou Seyè a. Yo pral

konsidere l' tankou yon wa. Li pral chita sou fòtèy la pou l'
gouvènen pèp mwen an. Va gen yon prèt bò kote l'. Y'a
travay ansanm ak kè poze. 14 Kouwòn lan menm va rete
nan kay ki apa pou Seyè a. L'a sèvi pou fè moun toujou
chonje Eldayi, Tobija, Jedaja ak Jozyas, pitit gason Sofoni
an. 15 Moun ki rete byen lwen va vini, y'a ede nou rebati
tanp Seyè a. Lè sa a, n'a konnen se Seyè ki gen tout
pouvwa a ki te voye m' kote nou. Se sa menm ki va rive si
nou fè tou sa Seyè a, Bondye nou an, ban nou lòd fè.

7 Katriyèm jou nan nevyèm mwa yo rele mwa Kislev,
nan katriyèm lanne rèy wa Dariyis, Seyè a pale ak
Zakari. 2 Moun lavil Betèl yo te voye Charezè ak Regèm
Melèk ansanm ak moun pa yo vin lapriyè nan pye Seyè a.
3 Yo te voye yo vin mande prèt yo ansanm ak pwofèt k'ap
sèvi nan tanp Seyè a keksyon sa a: -Pandan senkyèm
mwa a, èske se pou nou toujou pran lapenn pou tanp yo
te detwi a? Eske se pou nou toujou fè jèn jan nou te konn
fè pandan tout lanne anvan yo? 4 Lè sa a, Seyè ki gen
tout pouvwa a pale avè m', li di m' konsa: 5 -Pale ak tout
moun ki nan peyi a ansanm ak prèt yo tou. Mande yo pou
mwen: Sa fè swasanndizan depi n'ap fè jèn, depi n'ap
pran lapenn sou chak senkyèm ak setyèm mwa. Eske se
pou mwen nou te fè tou sa? 6 Konsa tou, lè nou t'ap
manje, lè nou t'ap bwè, èske se pa t' pou pwòp plezi pa
nou? 7 Se menm mesaj sa a Seyè a te voye pwofèt tan
lontan yo vin di nou. Lè sa a, lavil Jerizalèm te plen moun,
zafè yo t'ap mache byen. Te plen moun ap viv nan ti bouk
ki toutotou lavil la, nan zòn Negèv la ak nan plenn sou bò
solèy kouche a. 8 Seyè a pale ak Zakari, li di l' konsa: 9 -
Mwen te pale ak pèp mwen an, mwen te di yo se pou yo
rann jistis san patipri. Se pou yo aji ak bon kè yonn ak lòt,
se pou yo gen pitye yonn pou lòt. 10 Pa peze vèv yo, ni
timoun san papa yo, ni moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan
nou, ni moun ki nan nesesite. Pa rete ap kalkile nan tèt
nou jan pou nou fè lòt moun mal. 11 Men, yo te derefize
koute m'. Yo t'ap fè wondonmon. Yo bouche zòrèy yo pou
yo pa tande. 12 Yo fè kè yo di kou wòch pou yo pa tande
lòd ak mesaj mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa a,
mwen te voye ba yo. Se Lespri Seyè a menm ki te mete
nan bouch pwofèt tan lontan yo mesaj sa yo. Se konsa
Seyè ki gen tout pouvwa a te move anpil sou yo. 13 Sa ki
rive lè sa a? Menm jan yo pa t' koute l' lè li t'ap pale ak yo
a, li menm tou, li pa t' reponn yo lè yo te lapriyè nan pye l'.
14 Li gaye yo nan mitan yon bann nasyon yo pa t' konnen.
Lènmi fin devalize tout peyi a, yo pa kite pesonn ladan l'.
Yon bon peyi konsa, yo fè l' tounen yon dezè.

8 Seyè ki gen tout pouvwa a te bay Zakari mesaj sa a: 2
-Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di: Mwen sitèlman
renmen moun mòn Siyon yo, mwen fè jalouzi anpil pou
yo. Mwen fè kòlè sou lènmi yo. 3 Men sa Seyè ki gen tout
pouvwa a di ankò: M'ap tounen sou mòn Siyon an. Mwen
pral rete nan mitan lavil Jerizalèm. Y'a rele Jerizalèm
Lavil kote moun kenbe pye Bondye yo fèm. Y'a rele mòn
Seyè ki gen tout pouvwa a Mòn ki apa pou Seyè a. 4
Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di ankò: N'a wè vye
granmoun, fanm kou gason, vin chita sou plas piblik nan
lavil Jerizalèm. Yo chak va gen yon baton nan men yo pou
yo ka mache tèlman y'ap vye granmoun. 5 Lari yo va plen
ti gason ak ti fi k'ap jwe konsa toupatou. 6 Men sa Seyè
ki gen tout pouvwa a di ankò: Pou ti ponyen moun ki rete
koulye a nan peyi a, sa se yon bagay yo di ki pa ka rive.
Men, pa pou mwen. Se Seyè a menm ki di sa. 7 Men sa
Seyè ki gen tout pouvwa a di ankò. Se mwen menm k'ap
delivre pèp mwen an, k'ap fè yo soti nan peyi ki sou bò
solèy leve a ak nan peyi ki sou bò solèy kouche a. 8 M'ap
mennen yo tounen pou yo ka rete lavil Jerizalèm ankò.
Y'a pou mwen yon pèp ki rele m' pa m'. Mwen menm m'a
Bondye yo. M'a kenbe kontra mwen te pase ak yo a. Yo
menm, y'a fè sa m'a mande yo fè. 9 Seyè ki gen tout
pouvwa a pale, li di konsa: -Pran kouraj, nou menm k'ap
tande koulye a nan bouch pwofèt yo menm mesaj Bondye
te bay lè yo t'ap mete men nan fondasyon tanp Seyè a
pou rebati kay ki apa pou li a. 10 Paske, anvan jou sa yo,
pa t' gen travay ni pou moun ni pou bèt. Pesonn pa t' ka
ale vini ak kè poze nan peyi a poutèt lènmi yo. Mwen te fè
moun leve yonn kont lòt. 11 Men koulye a, mwen pral aji
yon lòt jan ak ti rès moun ki vivan toujou nan peyi a. Se
Seyè ki gen tout pouvwa a ki di sa. 12 Y'a plante jaden yo
ak kè poze. Pye rezen yo va donnen, tè a va bay rekòt.
Lapli va tonbe sot nan syèl la. M'a bay ti rès moun ki vivan
toujou nan pèp la tout benediksyon sa yo. 13 Nou menm
moun Jida ak moun Izrayèl, menm jan yon lè mwen te fè
nou tounen yon madichon nan mitan lòt nasyon yo, konsa
tou m'a delivre nou, m'a fè nou tounen benediksyon nan
mitan lòt nasyon yo. Nou pa bezwen pè. Pran kouraj! 14
Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di ankò: -Lè zansèt
nou yo te fè m' fache sou yo, mwen te pran desizyon pou
m' te pini yo. Mwen pa t' chanje lide. 15 Konsa tou, koulye
a mwen pran desizyon pou m' beni moun lavil Jerizalèm
ak moun fanmi Jida yo. Nou pa bezwen pè anyen. 16
Men sa pou nou fè: Lè n'ap pale yonn ak lòt, pa bay
manti. Nan tribinal, se pou nou rann jistis san patipri pou
tout moun ka viv byen yonn ak lòt. 17 Pa fè plan pou
nou aji mal yonn ak lòt. Pa fè sèman, lèfini pou n'ap bay
manti pou akize moun. Paske, tou sa se bagay mwen pa
vle wè. Se Seyè a menm ki di sa! 18 Seyè ki gen tout
pouvwa a pale ak Zakari ankò, li di l' konsa: 19 -Jèn yo
konn fè chak katriyèm mwa, chak senkyèm mwa, chak
setyèm mwa ak chak dizyèm mwa a pral yon plezi, yon kè
kontan pou moun Jida yo, yon okazyon pou yo fè fèt. Se
pou nou renmen viv byen yonn ak lòt san bay manti. 20
Seyè ki gen tout pouvwa a di ankò: -Yon lè gen pou rive
moun va soti nan gwo lavil lòt peyi yo pou yo vini lavil
Jerizalèm. 21 Moun va soti nan yon lavil, y'a ale nan yon
lòt, y'a di moun ki la yo: Ann al adore Seyè ki gen tout
pouvwa a! Ann al lapriyè nan pye Seyè a pou mande l'
benediksyon. Ann ale non! 22 Anpil moun ap soti nan
gran peyi, y'ap vini lavil Jerizalèm pou yo adore Seyè ki
gen tout pouvwa a. Y'ap vin lapriyè nan pye l' pou mande

l' benediksyon. 23 Wi, men sa Seyè ki gen tout pouvwa a
di ankò: Lè sa a, dis moun ap soti nan lòt peyi kote yo
pale lòt lang, y'a kenbe yon jwif nan rad, y'a di l': Nou vle
ale avè ou, paske nou tande se avèk jwif yo Bondye ye.

9 Men mesaj Seyè a bay pou fè konnen volonte li: Li
pran desizyon pou l' pini moun peyi Adrak yo ansanm
ak moun lavil Damas yo. Se pa sèlman branch fanmi
Izrayèl yo ki pou Seyè a. Tout latè nèt se pou li. 2 Peyi
Amat ki sou fwontyè peyi Adrak la pou li tou. Moun lavil Tir
ak moun lavil Sidon yo ki gen anpil ladrès, se pou li yo ye
tou. 3 Lavil Tir bati gwo miray ranpa ak fò. Yo anpile lò ak
ajan lakay yo tankou pousyè granchemen. 4 Men, Seyè a
pral pran lavil la pou li. Li pral voye tout richès li yo nan
lanmè. Dife pral boule lavil la nèt. 5 Moun lavil Askalon yo
pral wè sa, yo pral pè. Moun Gaza yo pral tranble kou fèy
bwa. Moun lavil Ekwon yo tou, paske yo p'ap jwenn sa yo
t'ap tann lan. Lavil Gaza pral pèdi wa li a. Lavil Askalon
pral rete san moun ladan l'. 6 Moun san mele yo pral rete
lavil Asdòd. M'ap kraze lògèy moun Filisti yo. 7 Yo p'ap
manje vyann ak tout san li ladan l' ankò, ni ankenn lòt vye
manje yo te konn manje yo. Tout moun ki va chape anba
lanmò va fè pati pèp Bondye a. Y'ap tankou yon branch
nan fanmi Jida a. Moun Ekwon yo va menm jan ak moun
Jebis yo. 8 Mwen pral kanpe tankou gad k'ap fè pòs nan
mitan peyi a pou anpeche lòt lame pase ale vini ladan l'.
Mwen p'ap kite gwo chèf vin peze yo ankò. Mwen te wè
jan pèp mwen an tan soufri. 9 Nou menm moun ki rete
sou mòn Siyon an, fè fèt, fè gwo fèt! Nou menm moun
lavil Jerizalèm, rele, chante tèlman nou kontan! Gade!
Men wa nou an ap vin jwenn nou! Li rann jistis san patipri.
Li genyen batay la. Li san lògèy. Li moute yon bourik, yon
ti bourik dèyè manman. 10 Seyè a di: -M'ap wete tout cha
lagè ki nan peyi Efrayim. M'ap wete dènye chwal ki nan
lavil Jerizalèm. M'ap kraze dènye banza yo sèvi pou fè
lagè. Wa nou an pral fè tout nasyon yo viv byen yonn ak
lòt. M'ap gouvènen depi yon lanmè jouk nan lòt lanmè a,
depi larivyè Lefrat jouk nan dènye bout latè. 11 Seyè a
di: -Akòz kontra mwen pase avè nou an, kontra ki siyen
ak san bèt yo ofri yo, m'ap fè lage moun ou yo ki te nan
prizon, m'ap wete yo nan fon sitèn san dlo a. 12 Nou
menm prizonye k'ap tann delivrans yo, tounen, tounen non
nan sitadèl kote n'a jwenn pwoteksyon an! Jòdi a, men sa
m'ap di nou: n'ap resevwa de fwa plis benediksyon pase
soufrans mwen te voye sou nou an. 13 Mwen pral sèvi ak
moun Jida yo tankou banza pou fè lagè, ak moun Efrayim
yo tankou flèch. Mwen pral sèvi ak moun mòn Siyon yo
tankou nepe nan men vanyan sòlda, pou y' al goumen ak
moun peyi Lagrès yo. 14 Seyè a pral parèt anlè tèt pèp li
a. Li pral voye flèch li yo tankou zèklè. Seyè a, Bondye a,
pral kònen twonpèt la. Li pral mache nan van siklòn k'ap
soufle soti nan sid. 15 Seyè ki gen tout pouvwa a pral
pwoteje pèp li a. Yo pral kraze zam lènmi yo anba pye yo.
Pandan batay la, yo pral rele tankou moun sou. Yo pral fè
san lènmi yo koule. Li pral koule tankou san bèt yo touye
sou lotèl yo. 16 Jou sa a, Seyè a, Bondye yo a, va delivre
yo. Tankou yon bon gadò, l'ap sove bann mouton l' yo. Yo
pral klere nan peyi li a tankou bèl pyè nan yon kouwòn.
17 Ala bon sa pral bon nan peyi a! Ala bèl peyi a pral bèl!
Jenn gason ak jenn fi pral grandi ak tout grenn jaden ak
tout diven yo pral rekòlte nan peyi a.

10 Lè sezon prentan rive, mande Seyè a pou l' ban
nou lapli. Se Seyè a ki fè loraj gwonde, ki fè gwo
lapli tonbe. Li fè jaden tout moun pouse. 2 Moun k'ap bat
kat yo, se twonpe y'ap twonpe moun. Divinò yo menm,
se manti y'ap bay. Rèv yo fè pa vle di anyen. Moun yo
mete espwa yo nan bagay ki p'ap janm rive. Moun yo pèdi
tèt yo tankou mouton ki pèdi bann. Yo nan traka, paske
pa gen chèf pou mennen yo. 3 Seyè a di ankò: -Mwen
ankòlè sou moun lòt nasyon k'ap gouvènen pèp mwen
an. Mwen pral pini yo. Wi, mwen pral pran swen bann
mouton m' yo, moun fanmi Jida yo. Mwen pral ba yo fòs
kouraj pou yo sèvi m' tankou chwal frengan pou fè lagè. 4
M'ap fè anpil ladan yo tounen chèf, kòmandan lame ak
sòlda ki gen ladrès pou goumen. Se nan pèp la menm
m'ap fè chèf ki pou gouvènen yo soti. 5 Moun pèp Jida yo
pral genyen batay la, y'ap tankou sòlda k'ap foule lènmi
anba pye yo nan labou nan granchemen. Yo pral goumen,
paske Seyè a la avèk yo. Tout lènmi ki sou chwal yo pral
wont. 6 Mwen pral bay moun fanmi Jida yo fòs. Mwen
pral delivre moun fanmi Jozèf yo. M'ap fè yo tounen lakay
yo paske kè m' fè m' mal pou yo. Se va tankou si m' pa t'
janm lage yo. Se Seyè a, Bondye yo a, mwen ye. M'ap
tande lapriyè yo fè nan pye m'. 7 Moun Efrayim yo pral
tankou vanyan sòlda. Y'ap kontan tankou moun ki anba
gwòg. Pitit pitit yo va chonje sa, y'a fè fèt. Y'a kontan pou
sa Seyè a te fè pou yo. 8 Mwen pral rele yo pou m' fè yo
sanble paske mwen delivre yo. Yo pral vin peple anpil
ankò, jan yo te ye anvan an. 9 M'ap gaye yo nan mitan lòt
nasyon yo. Men, y'a toujou chonje m', menm lè yo nan
peyi byen lwen. Y'a viv la ansanm ak pitit yo. Yon jou, y'a
tounen nan peyi yo a. 10 M'ap fè yo soti kite peyi Lejip
tounen lakay yo. M'ap ranmase yo nan peyi Lasiri. Y'ap
tounen vin rete nan peyi Galarad ak nan peyi Liban. Peyi
a pral twò piti pou yo. 11 Lè pou yo janbe lanmè peyi
Lejip la, mwen menm, Seyè a, m'a frape dlo lanmè a. Epi
tout kote larivyè Nil ap koule yo pral chèch. Mwen pral
kraze lògèy peyi Lasiri a. Peyi Lejip pral pèdi pouvwa li.
12 Mwen pral bay pèp mwen fòs kouraj ankò. Y'a sèvi m',
y'a fè lwanj mwen. Se Seyè a menm ki di sa!

11 Ou menm peyi Liban, louvri pòtay ou yo pou dife ka
boule tout pye sèd ou yo. 2 Nou menm, pye sikren
yo, plenn sò nou! Paske pye sèd la tonbe. Gwo pyebwa
yo fini! Nou menm, pye bwadchenn peyi Bazan yo, rele,
plenn sò nou! Paske gwo rak plen bwa a kraze! 3 Kote ou
pase, ou tande chèf yo ap plenn! Yo fini, yo pèdi pouvwa
a yo. Kote ou pase, ou tande jenn ti lyon yo ap plenn! Yo
koupe tout bèl rakbwa ki sou bò larivyè Jouden yo. 4
Seyè a, Bondye mwen an, di m' konsa: -Ou pral swen

mouton y'ap pare pou labatwa. 5 Moun k'ap achte yo a
ap touye yo. Pesonn pa ka mande yo kont. Moun k'ap
vann yo menm ap di: Lwanj pou Bondye! Gade jan nou
rich non! Ata gadò mouton yo pa gen pitye pou yo. 6
(Seyè a di: Mwen p'ap gen pitye pou moun ki rete nan
peyi a. Se mwen menm ki pral lage yo nan men pwòp
chèf yo ak pwòp wa yo ankò. Chèf yo pral fini ak peyi a.
Mwen p'ap fè anyen pou m' wete yo anba men yo.) 7
Se konsa, moun k'ap fè trafik mouton yo peye m' pou m'
swen mouton y'ap pare pou labatwa yo pou yo. Mwen
pran de baton. Mwen rele yonn Favè, mwen rele lòt la
Tèt ansanm. Epi mwen tanmen pran swen mouton yo.
8 Gadò yo ban m' degoutans. Nan yon mwa, mwen te
chanje twa gadò yonn apre lòt. Yo menm tou, yo pa t' vle
wè m'. 9 Lè sa a, mwen di pèp la: -Mwen p'ap swen nou
ankò. Sa ki pou mouri mèt mouri! Sa ki pou disparèt mèt
disparèt! Sa ki rete yo menm, yonn mèt manje lòt. 10
Lèfini, mwen pran baton Favè a, mwen kase l' de bout. Ki
vle di, mwen kase kontra mwen menm, Seyè a, mwen te
pase ak tout nasyon yo. 11 Jou sa a, kontra a te kase.
Moun k'ap fè trafik mouton yo te rete la ap gade m'. Yo vin
konprann sa m' te fè a. Yo rekonèt se yon mesaj Seyè a
t'ap ba yo. 12 Mwen di yo: -Si nou vle peye m', nou mèt
peye m'. Si nou pa vle tou, sa pa fè anyen. Y'a l' pran
lajan an, yo peye m' trant pyès an ajan pou sa m' te fè a.
13 Men, Seyè a di m' konsa: -Al bay lajan an pou yo mete
l' nan kès tanp lan. Konsa, mwen pran trant pyès an ajan
yo, bèl pri yo te wè pou yo te ban m' pou travay mwen te
fè a, mwen mete yo nan kès tanp lan. 14 Apre sa, mwen
kase dezyèm baton m' lan, sa mwen te rele Tèt Ansanm
lan, pou fè konnen pa gen tèt ansanm ankò ant moun
Jida yo ak moun Izrayèl yo. 15 Apre sa, Seyè a di m': -
Pran pòz gadò ou ankò. Men, fwa sa a, yon gadò ki pa vo
anyen. 16 Paske mwen pral mete yon gadò pou okipe
bann mouton m' yo. Men, lè yon mouton pèdi, se pa pou li
sa. Si yonn egare, li pa pral chache l'. Si yonn blese, li
p'ap fè anyen pou geri l'. Si yonn bouke, li p'ap fè anyen
pou soutni l'. Okontrè, l'ap manje sa ki pi gra yo, l'ap fann
zago tout lòt yo. 17 Madichon pou move gadò a! Li kouri
kite mouton yo pou kont yo. Se pou lagè fini ak pouvwa l'
la. Se pou bra l' vin pòk, se pou li pa wè nan je dwat li.

12 Men mesaj Seyè a bay pou fè konnen volonte l' sou
moun pèp Izrayèl yo. Men desizyon li pran, li menm
Seyè a, ki louvri syèl la nan plas li, ki kreye latè a epi ki
bay moun lavi. 2 Mwen pral fè lavil Jerizalèm fè moun lòt
nasyon ki bò kote l' yo pèdi tèt yo, tankou moun ki sou. Lè
y'a sènen lavil Jerizalèm, yo pral sènen lavil ki nan rès
peyi Jida yo tou. 3 Lè sa a, m'ap fè lavil Jerizalèm tounen
yon gwo wòch lou kou pwa senkant. Tout nasyon ki va
chache leve l' va foule anba l'. Tout moun sou latè pral
mete ansanm pou yo atake l'. 4 Jou sa a atò, m'ap fè tout
chwal yo lonbraje, m'ap fè kavalye yo depale. Se mwen
menm Seyè a ki di sa. M'ap veye pèp Jida a pou anyen
pa rive yo. Men, m'ap fè tout chwal lènmi l' yo vin avèg. 5
Lè sa a, moun fanmi Jida yo va di nan kè yo se Seyè
ki gen tout pouvwa a, Bondye yo a, ki tout fòs moun ki
rete lavil Jerizalèm yo. 6 Lè sa a, m'ap fè moun fanmi
Jida yo tounen tankou yon boukan dife nan mitan yon
rakbwa, osinon y'ap tankou bwa chandèl limen nan mitan
pay chèch. L'ap devore tout peyi ki toupre l' yo, sou bò
gòch ak sou bò dwat. Men, moun lavil Jerizalèm yo ap
rete nan plas yo. 7 Premye moun Seyè a ap delivre, se
va moun Jida yo. Konsa, lwanj y'a fè pou pitit pitit David
yo ak pou pèp Jerizalèm lan p'ap pi gwo pase lwanj y'ap
fè pou rès moun Jida yo. 8 Lè sa a, Seyè a va louvri
zèl li pou l' pwoteje tout moun ki rete lavil Jerizalèm yo.
Wi, lè sa a, menm pi fèb la ap gen fòs tankou David.
Pitit pitit David yo va alatèt pou dirije yo tankou Bondye,
tankou zanj Seyè a. 9 Lè sa a, m'a detwi tout nasyon ki
va konprann pou yo atake lavil Jerizalèm. 10 M'a fè pitit
pitit David yo ak moun lavil Jerizalèm yo gen bon kè. M'a
fè yo konn lapriyè nan pye m'. Y'a leve je yo gade m', y'a
wè moun yo te pèse a. Y'a nan gwo lapenn pou li tankou
moun ki pèdi sèl pitit li te genyen an. Y'a pete rele tankou
moun ki pèdi premye pitit gason yo. 11 Lè sa a, rèl ap
pete lavil Jerizalèm tankou lè rèl te pete pou Adad-Rimòn
nan plenn Megidon an. 12 Nan peyi a, chak fanmi va
mete tèt yo ansanm pou yo rele pou kont yo, gason nan
fanmi David yo yon bò, medam yo yon lòt bò, gason nan
fanmi Natan yo yon bò, medam yo yon lòt bò, 13 gason
nan fanmi Levi yo yon bò, medam yo yon lòt bò, gason
nan fanmi Chimèy yo yon bò, medam yo yon lòt bò. 14
Tout rès fanmi yo va kenbe rèl la tou, gason yo yon bò,
medam yo yon lòt bò, chak fanmi bò pa yo.

13 Lè sa a, yon sous dlo va pete pou lave moun fanmi
David yo ak moun ki rete lavil Jerizalèm yo pou
wete peche yo, pou mete yo nan kondisyon pou yo sèvi
Bondye ankò. Se Seyè a menm ki di sa. 2 Seyè a pale, li
di ankò: -Lè sa a, m'a disparèt ata non zidòl yo nan peyi
a. Pesonn p'ap chonje yo ankò. M'a wete pwofèt yo nan
peyi a, m'a wete nan kè tout moun lide pou yo sèvi zidòl.
3 Konsa, si yon moun vle pou l' bay mesaj ki soti nan
Bondye, papa l' ak manman l' ki fè l' va di se pou l' mouri,
paske li pran pòz se mesaj ki soti nan Bondye, Seyè a,
l'ap bay, epi se pa vre, se manti l'ap bay. Pandan l'ap bay
mesaj la, papa l' ak manman l' ki fè l' la va pèse l'. 4 Lè sa
a, pwofèt yo pral wont lè y'a fè yon vizyon. Yo p'ap mete
rad fèt ak twal yo te konn gen sou yo. Yo p'ap ka bay
manti ankò. 5 Men, tout moun va di: Se pa pwofèt mwen
ye. Mwen se yon senp abitan. Depi m' piti se latè m'ap
travay. 6 Si yon moun mande l': Pouki tout mak blese sa
yo sou ponyèt ou? L'a reponn: Se kay yon zanmi sa rive
m'. 7 Seyè ki gen tout pouvwa a pale, li di ankò: -Nepe,
leve non! Al atake gadò mouton m' yo, moun k'ap travay
avè m' lan. Touye l' pou bann mouton an ka gaye. M'ap
pini ata moun ki pi piti yo. 8 Nan tout peyi a, sou chak twa
moun, de pral mouri, yonn va rete. 9 Mwen pral pase rès
moun sa yo nan dife. Mwen pral netwaye yo menm jan yo
netwaye ajan nan dife. Mwen pral wè ki kalite moun yo ye
menm jan yo pase lò nan dife pou wè si li bon. Y'a lapriyè

nan pye m', m'a reponn yo. M'a di yo se pèp pa m' yo ye.
Y'a di se mwen menm, Seyè a, ki Bondye yo.

14 Gade! Men jou jijman Seyè a ap rive! Jou sa a, yo
pral piye lavil Jerizalèm. Yo pral separe tou sa yo
pran ladan li la devan je nou. **2** Seyè a pral sanble tout
nasyon yo pou y' al fè lagè ak lavil Jerizalèm. Y'ap pran
lavil la, y'ap piye tout kay yo, y'ap fè kadejak sou medam
yo. Yo pral depòte mwatye nan moun yo. Men, rès pèp la
ap rete nan lavil la. **3** Lèfini, Seyè a pral parèt pou li al
goumen ak nasyon yo, jan li te konn goumen nan tan
lontan an. **4** Lè sa a, l'a desann kanpe sou mòn pye oliv
yo, ki anfas lavil Jerizalèm, sou bò solèy leve. Mòn lan
va fann de bò nèt ale, l'a fè yon fon nan mitan ki soti bò
solèy leve desann bò solèy kouche: mwatye nan mòn lan
va fè bò nò, lòt mwatye a va fè bò sid. **5** N'a lonje fon
an pou nou kouri chape kò nou jouk n'a rive lòt bò mòn
Atsèl. N'a kouri met deyò menm jan zansèt nou yo te fè l'
la lè tranblemanntè a te pase sou rèy Ozyas, wa peyi
Jida a. Seyè a, Bondye nou an, va vini, l'ap mennen tout
moun pa l' yo avè l'. **6** Lè jou sa a va rive, p'ap gen limyè,
p'ap fè fredi, dlo p'ap fè glas. **7** Se va yon jou ki p'ap
tankou lòt jou yo. Ap fè klè nèt. p'ap gen lannwit ankò.
Se Seyè a sèl ki konnen lè sa va rive. **8** Lè jou sa a va
rive, bèl dlo dous pral koule soti lavil Jerizalèm. Mwatye
nan dlo a ap fè yon branch larivyè desann bò solèy leve,
tonbe nan lanmè Mouri a. Lòt mwatye a ap desann bò
solèy kouche, tonbe nan lanmè Meditèrane a. Dlo a ap
koule san rete, nan sezon fredi kou nan sezon chalè. **9**
Lè sa a, se Seyè a ki pral sèl wa sou tout latè. Lè sa a,
se li ki pral sèl Bondye pou tout moun. Se li menm ase
tout moun ap konnen. **10** Tout peyi a pral tounen yon
gwo plenn plat, depi Geba nan nò rive Rimon nan sid, ak
Jerizalèm nan mitan. Sèl lavil Jerizalèm pral rete byen wo.
L'ap soti depi Pòtay Benjamen an rive nan pòtay Kwen
an, kote premye pòtay la te ye a, depi Fò Annanyèl rive
nan moulen rezen wa a. **11** Moun va rete la nan lavil la,
malè p'ap tonbe sou yo. Y'a viv ak kè poze lavil Jerizalèm.
12 Seyè a pral voye yon gwo maladi sou tout nasyon ki te
fè lagè ak Jerizalèm. Y'ap rete kanpe sou de pye yo, epi
tout vyann kò yo ap pouri. Grenn je yo pral pouri nan tèt
yo, lang yo ap pouri nan bouch yo. **13** Jou sa a, Seyè
a pral fè yo pèdi tèt yo pran kouri. Yo pral tonbe yonn
sou lòt, yonn pral touye lòt. **14** Sòlda peyi Jida yo pral
goumen tou pou defann lavil Jerizalèm, yo pral ranmase
dènye richès moun lòt nasyon ki sou fwontyè yo: lò, ajan
ak rad an kantite. **15** Menm maladi a pral tonbe tou sou
chwal, milèt, chamo, bourik, sou tout bèt ki te nan kan
lènmi yo. **16** Nan moun lòt nasyon ki t'ap fè lagè ak lavil
Jerizalèm yo, genyen ki va chape, ki p'ap mouri. Moun
sa yo va moute chak lanne lavil Jerizalèm pou yo adore
Seyè ki gen tout pouvwa a, Wa a. Y'a fete fèt Tant yo. **17**
Si yon nasyon va derefize moute lavil Jerizalèm pou yo
adore Seyè ki gen tout pouvwa a, Wa a, yon ti degout
lapli p'ap tonbe nan peyi yo a menm. **18** Si moun peyi
Lejip yo derefize moute al fete fèt la, menm maladi Seyè
a te voye sou moun ki derefize moute yo va tonbe sou
yo tou. **19** Se chatiman sa a ki pral tonbe sou peyi Lejip
ansanm ak tout lòt nasyon ki va derefize moute pou fete
fèt Tant yo. **20** Lè jou sa a va rive, y'a make sou ti klòch ki
nan lekipay chwal yo: Apa pou Seyè a! Batri koujen ki nan
tanp Seyè a va tankou ti bòl ki devan lotèl yo: yo va apa
nèt pou Seyè a. **21** Y'a mete tout mamit ak tout chodyè
moun yo ap sèvi lavil Jerizalèm ak nan tout peyi Jida a
apa pou sèvis Seyè ki gen tout pouvwa a. Konsa, tout
moun ki vle ofri yon bèt pou yo touye pou Seyè a va vin
pran yonn pou yo bouyi vyann bèt yo ofri a. Lè jou sa a va
rive, p'ap gen moun k'ap vann ankò nan tanp Seyè ki gen
tout pouvwa a.

Malachi

1 Men mesaj Seyè a te bay Malachi pou fè pèp Izrayèl la
konnen volonte li. Men desizyon Seyè a: **2** Seyè a di:
Mwen renmen nou! Men, pèp la reponn: Ki jan ou renmen
nou an? Men sa Seyè a reponn yo: Ezaou ak Jakòb, apa
de frè yo ye. Mwen renmen Jakòb ak tout pitit pitit li yo. **3**
Men, mwen rayi Ezaou ak tout pitit pitit li yo. Mwen ravaje
tout mòn peyi Ezaou a. Mwen fè peyi yo a tounen savann
kote bèt nan bwa rete. **4** Si moun peyi Edon yo di: Yo
detwi lavil nou yo, men n'ap rebati yo, Seyè a menm ap
reponn yo: Nou mèt rebati yo, m'ap toujou kraze yo. Moun
pral rele yo: Peyi mechan yo, nasyon ki fè Seyè a ankòlè
tout tan an. **5** Moun Izrayèl yo pral wè sa ak pwòp je yo.
Epi y'a di: Seyè a gen pouvwa menm andeyò peyi Izrayèl
la. **6** Seyè ki gen tout pouvwa a ap pale ak nou koulye a,
nou menm prèt yo ki pa respekte l'. Li di nou konsa: Yon
pitit fèt pou l' respekte papa l'. Yon domestik fèt pou l'
gen krentif pou mèt li. Mwen se papa nou. Poukisa nou
pa respekte m'? Mwen se mèt nou. Poukisa nou pa gen
krentif pou mwen? Epi nou gen kouraj pou nou di: Ki jan
nou derespekte ou la? **7** Men ki jan: nou pran manje ki pa
bon pou fè sèvis pou mwen, nou ofri l' sou lotèl la ban
mwen. Epi n'ap di: nou pa wè ki jan nou derespekte ou la
a? Mwen menm, mwen di nou se lè nou di lotèl Seyè a pa
merite yo respekte l'. **8** Lè nou mennen yon bèt je pete
pou yo touye pou mwen, atò, sa se pa bagay ki mal?
Lè nou mennen yon bèt k'ap mache bwete, yon bèt tou
malad, sa se pa bagay ki mal? Seye pote yon bèt konsa
bay yon gwo chèf non! Eske l'ap kontan? Eske la ba ou
yon favè? **9** Koulye a, nou menm prèt yo, lapriyè nan pye
Bondye pou l' gen pitye pou nou non! Eske la ban nou
favè l'? Se nou menm ki va lakòz li pa fè sa pou nou! **10**
Seyè ki gen tout pouvwa a pale, li di: Mwen ta swete yonn
nan nou ta fèmen tout pòt tanp lan pou nou pa limen dife
pou gremesi sou lotèl mwen an. Mwen pa kontan menm
ak nou. Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki di sa. Mwen p'ap
asepte ankenn ofrann nan men nou. **11** Toupatou sou
latè, depi sou solèy leve jouk sou solèy kouche, moun lòt
nasyon yo ap di jan mwen gen pouvwa. Toupatou y'ap
boule lansan pou mwen, y'ap ofri m' bagay ki bon pou
sèvis mwen. Paske moun toupatou respekte m'. Se Seyè
ki gen tout pouvwa a ki di sa. **12** Men, nou menm, nou pa
respekte lotèl mwen lè nou di: Lotèl Seyè a pa bon ankò.
Se vye manje n'ap ofri sou li. **13** Lèfini, n'ap plede di: Nou
bouke ak tout bagay sa yo. Nou pa pran ka m' ankò. Se
Seyè ki gen tout pouvwa a ki di sa. Nou pran bèt nou vòlò,
bèt enfim, osinon bèt malad, nou vin ofri ban mwen. Seyè
a mande nou: Nou kwè mwen ka asepte bagay konsa nan
men nou? Se Seyè a ki mande nou sa. **14** Madichon pou
moun k'ap twonpe m' yo. Yo vin ofri bèt ki pa bon pou
yo touye pou mwen epi yo kite bon ti mal yo te pwomèt
y'ap ban mwen an nan bann mouton yo. Paske, se yon
wa ki gen anpil pouvwa mwen ye. Moun tout nasyon va
respekte m'. Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki di sa.

2 Koulye a, men lòd mwen bay prèt yo: **2** Si nou pa
koute sa m'ap di nou la a, si nou pa soti pou nou
sèvi yon lwanj pou mwen, m'ap voye madichon sou nou.
Se Seyè ki gen tout pouvwa a k'ap pale konsa wi. M'ap
madichonnen tout bon bagay k'ap vin pou nou yo. Wi,
mwen madichonnen yo deja, paske nou pa soti pou nou
sèvi yon lwanj pou mwen. **3** Mwen pral touye pitit nou yo.
Mwen pral voye salte, tripay bèt nou ofri yo nan figi nou.
Lèfini, m'ap voye nou jete ansanm ak yo. **4** Lè sa a, n'a
konnen se mwen menm ki te ban nou lòd sa a, pou kontra
mwen te pase ak fanmi Levi a ka toujou la. Se Seyè ki
gen tout pouvwa a ki di sa. **5** Nan kontra mwen te pase ak
yo a, mwen te pwomèt mwen t'ap ba yo lavi ak kè poze. E
mwen te ba yo l'. Yo menm, se pou yo te gen krentif pou
mwen. Yo te gen krentif pou mwen vre, yo te respekte
m'. **6** Se verite ase ki te soti nan bouch yo. Yo pa t' janm
chache twonpe m'. Yo toujou mache avè m' ak kè poze.
Yo t'ap fè sa ki dwat. Yo te fè anpil moun sispann fè sa ki
mal. **7** Se devwa prèt yo pou yo moutre moun sa Bondye
ye. Moun al kote yo pou yo ka konnen sa Bondye mande
yo fè. Paske se mesaje Seyè ki gen tout pouvwa a yo
ye. **8** Men, nou menm prèt yo, nou kite chemen Bondye
a. Nou lakòz anpil moun pa kenbe kòmandman mwen
bay yo. Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki di sa. Nou pa
kenbe kontra mwen te fè ak moun fanmi Levi yo. **9** Se
poutèt sa m'ap fè tout moun pèp Izrayèl yo derespekte
nou. Y'ap pran nou pou vakabon, paske nou pa fè sa
mwen mande nou fè. Nou gade sou figi moun lè pou n' di
yo sa lalwa a mande. **10** Eske se pa yon sèl papa a nou
tout nou genyen? Eske se pa yon sèl Bondye ki fè nou
tou? Poukisa atò nou pa kenbe pwomès nou yonn ak lòt?
Poukisa nou meprize kontra Bondye te fè ak zansèt nou
yo? **11** Moun Jida yo trayi Bondye. Yo fè yon move bagay
ki lèd anpil nan peyi Izrayèl la ak nan lavil Jerizalèm. Yo
derespekte kay Bondye renmen anpil la. Mesye yo marye
ak fanm k'ap sèvi lòt bondye. **12** Tout moun ki fè bagay sa
a, se pou Seyè a pa kite yo jwenn yon moun nan fanmi
Jakòb la pou kanpe pou yo osinon pou fè ofrann bay Seyè
ki gen tout pouvwa a pou yo. **13** Men yon lòt bagay nou
fè ankò: N'ap benyen lotèl Seyè a ak dlo ki sot nan je
nou. N'ap kriye, n'ap plenyen paske Seyè a pa menm
gade ofrann nou fè l' yo, li derefize asepte anyen nan men
nou. **14** Epi n'ap mande poukisa? Se paske Seyè a wè
sa ou fè madanm ou te marye lè ou te jenn lan. Ou pa
kenbe pwomès ou te fè l' la. Ou te pase kontra avè l', ou
te pwomèt Bondye ou t'ap kenbe l' pou madanm ou pou
tout tan. **15** Eske Bondye pa t' fè nou tounen yon sèl kò
ak yon sèl nanm? Poukisa li te fè sa? Se pou nou te ka
fè pitit ki pou sèvi l'. Konsa, fè respè tèt nou! Respekte
pwomès nou te fè madanm nou te marye lè nou te jenn
lan. **16** Mwen rayi wè lè mouche separe ak madanm. Se
Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la, ki di
sa. Mwen rayi wè moun k'ap aji mal konsa ak madanm
yo. Se poutèt sa, fè respè tèt nou! Kenbe pwomès nou te
fè madanm nou. **17** N'ap fatige tèt Seyè a ak yon bann

pawòl. Epi n'ap di: Ki jan n'ap fatige l' la? Se lè n'ap plede
di: Tout moun ki fè sa ki mal yo bon nan je Seyè a. Li
kontan ak yo. Ou ankò lè n'ap mande: Kote Bondye k'ap
rann jistis la?

3 Seyè a pale, li di konsa: -Men m'ap voye mesaje mwen
devan pou l' pare yon chemen pou mwen. N'ap rete
konsa, n'ap wè Seyè n'ap plede chache a ap vini nan tanp
li a. Mesaje nou te anvi wè a, men l'ap vini pou l' fè tout
moun konnen kontra a. **2** Men, ki moun ki ka sipòte jou
l'ap vini an? Ki moun ki va rete kanpe devan l' lè la parèt
la? L'ap tankou dife yo sèvi pou fonn fè. L'ap tankou gwo
savon yo sèvi pou blanchi rad. **3** La vini tankou moun
k'ap fonn fè pou wete kras ki ladan l'. L'ap netwaye pitit
pitit Levi yo, l'ap wete tou sa ki pa bon nan yo tankou yo
netwaye lò ak ajan, pou yo ka nan kondisyon ankò pou yo
prezante ofrann bay Bondye jan yo dwe fè l' la. **4** Lè sa a,
ofrann moun peyi Jida yo ak ofrann moun lavil Jerizalèm
yo va fè Seyè a plezi, jan sa te konn ye nan tan lontan,
depi nan konmansman. **5** Seyè ki gen tout pouvwa a di
ankò: -m'a vin jwenn nou pou rann jistis. Parèt mwen
parèt, m'ap denonse moun k'ap fè maji, moun k'ap fè
adiltè, moun k'ap fè sèman pou twonpe moun, moun k'ap
kenbe nan lajan moun k'ap travay pou yo, moun k'ap peze
fanm ki pèdi mari yo ak timoun ki pèdi papa yo, moun
k'ap pwofite sou moun lòt nasyon, moun ki pa genyen m'
krentif. **6** Mwen se Seyè a, mwen p'ap chanje. Se poutèt
sa nou menm, pitit pitit Jakòb yo, nou pa disparèt nèt. **7**
Depi sou tan zansèt nou yo nou pa okipe sa m' te ban
nou lòd fè. Nou pa swiv yo. Tounen vin jwenn mwen.
Mwen menm, m'a tounen vin jwenn nou tou. Se Seyè ki
gen tout pouvwa a menm ki di sa. N'ap mande m' sa pou
nou fè pou nou tounen vin jwenn mwen? **8** Mwen menm
m'ap mande nou: Eske yon moun ka twonpe Bondye?
Non. Men, se twonpe n'ap twonpe m'. N'ap mande ki
jan n'ap twonpe m' lan. M'ap reponn nou: Nan keksyon
ladim ak lòt bagay nou fèt pou nou ofri m' yo. **9** Gen yon
madichon ki gen pou tonbe sou nou tout, paske tout moun
nan peyi a ap twonpe m'. **10** Pote tout ladim lan nèt nan
tanp lan, san wete anyen ladan l', pou ka gen manje nan
tanp lan. Se pou nou fè sa pou nou wè si mwen p'ap
kenbe pawòl mwen vre. n'a wè si mwen p'ap louvri syèl la
fè lapli tonbe, si mwen p'ap vide benediksyon sou nou an
kantite. **11** Mwen p'ap kite chini vini pou detwi rekòt jaden
nou ankò, ni pou anpeche pye rezen nou yo donnen. Se
Seyè ki gen tout pouvwa a menm ki di sa. **12** Lè sa a,
moun toupatou sou latè va rekonèt jan Bondye beni nou,
paske sa pral bon nèt pou moun k'ap viv nan peyi nou an.
Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki di sa. **13** Seyè a di ankò:
-Nou te pale m' mal. Men nou reponn: Kisa nou di sou ou
konsa? **14** Nou te di: Sa pa sèvi anyen pou yon moun
sèvi Bondye. Sa sa ap rapòte yon moun pou li fè sa Seyè
a mande, pou li fè Seyè a wè li gen lapenn pou sa li fè ki
mal? **15** Koulye a, nou tou wè se awogan yo k'ap viv ak
kè kontan. Moun k'ap fè mal yo, se yo ki wè zafè yo ap
mache. Yo sonde Bondye pou wè kote li ye ak yo epi
anyen pa rive yo. **16** Men koze ki te nan bouch moun ki
gen krentif pou Bondye yo. Tansèlman, Seyè a t'ap swiv
yo, li tande tou sa yo t'ap di. Li pran yon liv, li fè ekri non
tout moun ki gen krentif pou li epi ki respekte l'. **17** Seyè a
di konsa: Y'ap yon pèp apa pou mwen. Jou m'a deside
pou m' aji a, se moun pa m' nèt y'ap ye. m'a gen pitye pou
yo, menm jan yon papa gen pitye pou pitit gason l' k'ap
sèvi l'. **18** Lè sa a ankò, n'a wè diferans ant moun k'ap
mache dwat ak moun k'ap fè sa ki mal, ant moun k'ap
sèvi Bondye ak moun ki p'ap sèvi l'.

4 Gade! Jou a ap vini: Pral fè cho anpil tankou nan yon
fou. Tout awogan yo ansanm ak tout mechan yo pral
boule tankou pay chèch. Se Seyè a menm ki di sa. Wi,
jou sa a, y'ap boule nèt san kite tras. **2** Men, pou moun
k'ap sèvi m' yo, pouvwa mwen ki la pou delivre yo a ap
leve tankou yon bèl solèy byen klere. Yo pral sote ponpe
tankou jenn ti towo gra ki lage nan savann. **3** Nou pral
pilonnen mechan yo, yo pral tankou sann dife anba pye
nou, jou m'a deside pou m' aji a. Se Seyè ki gen tout
pouvwa a ki di sa. **4** Pa bliye sa Moyiz, sèvitè m' lan, te
moutre nou, tout lòd ak tout regleman mwen te ba li sou
mòn Orèb la pou tout pèp Izrayèl la. **5** Jou m' lan pral yon
gwo jou, yon jou ki pral fè moun tranble. Men, anvan li
rive, mwen gen pou m' voye pwofèt Eli. **6** Li gen pou l' fè
papa byen ankò ak pitit, pitit vin byen ankò ak papa. Si se
pa sa, m'ap vini, m'ap detwi peyi nou an nèt ale.

NOUVO TESTAMAN

Jezi di: Papa, padonnen yo. Yo pa konnen sa y'ap fè.
Sòlda yo tire osò pou separe rad li yo.
Lik 23:34

Matye

1 Men non zansèt Jezikri ki te pitit pitit David, pitit pitit
Abraram. **2** Abraram te papa Izarak; Izarak te papa
Jakòb; Jakòb te papa Jida ak lòt frè l' yo. **3** Jida menm te
papa Perèz ak Zara. Se Tama ki te manman yo. Perèz
te papa Eswòm; Eswòm te papa Aram. **4** Aram te papa
Amenadab; Amenadab te papa Naason; Naason te papa
Salmon. **5** Salmon te papa Boaz. Se Raab ki te manman
Boaz. Boaz te papa Obèd. Se Rit ki te manman Obèd.
6 Obèd te papa Izayi, Izayi te papa wa David. David te
papa Salomon. Se Madan Ouri ki te manman Salomon.
7 Salomon te papa Woboram; Woboram te papa Abya;
Abya te papa Asa. **8** Asa te papa Jozafa; Jozafa te papa
Joram; Joram te papa Ozyas; **9** Ozyas te papa Joatam;
Joatam te papa Akaz; Akaz te papa Ezekyas; **10** Ezekyas
te papa Manase; Manase te papa Amon; Amon te papa
Jozyas; **11** Jozyas te papa Jekonyas ak lòt frè l' yo. Se
lè sa a yo te depòte moun pèp Izrayèl yo, yo mennen
yo ale lavil Babilòn. **12** Apre yo te fin mennen yo ale
lavil Babilòn, Jekonyas te fè Salatyèl. Salatyèl te papa
Zowobabèl; **13** Zowobabèl te papa Abiyoud; Abiyoud
te papa Elyakim; Elyakim te papa Azò; **14** Azò te papa
Sadòk; Sadòk te papa Akim; Akim te papa Eliyoud; **15**
Eliyoud te papa Eleaza; Eleaza te papa Matan; Matan
te papa Jakòb; **16** Jakòb te papa Jozèf. Se Jozèf sa a
ki te marye ak Mari, manman Jezi yo rele Kris la. **17**
Konsa, pran depi Abraram jouk nou rive sou David, te gen
antou katòz jenerasyon papa ak pitit. Pran depi David jouk
nou rive lè yo te depòte pèp Izrayèl la ale lavil Babilòn,
te gen antou katòz jenerasyon papa ak pitit. Pran depi
lè yo te depòte pèp la jouk nou rive sou Kris la, te gen
katòz jenerasyon papa ak pitit tou. **18** Men ki jan Jezikri
te fèt. Mari, manman Jezi, te fiyanse avèk Jozèf. Anvan
menm yo te antre nan kay ansanm, Mari vin twouve l'
ansent pa pouvwa Sentespri. **19** Jozèf, fiyanse l' la, te yon
nonm debyen. Li pa t' vle fè eskandal ak sa. Li te vle kase
fiyansaj la san bri san kont. **20** Li t'ap kalkile sou jan li
tapral fè sa lè li wè yon zanj Bondye parèt devan li nan
dòmi. Zanj lan di li: Jozèf, pitit pitit David, ou pa bezwen
pè pran Mari pou madanm ou. Paske, pitit l'ap pote a se
travay Sentespri. **21** Li pral fè yon pitit gason. Wa rele l'
Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l' yo.
22 Tou sa pase konsa pou pawòl Bondye te mete nan
bouch pwofèt la te ka rive vre. Men sa l' te di: **23** Men li,
jenn fi a pral ansent, li pral fè yon pitit gason. y'a rele l'
Emannwèl. (Non sa a vle di: Bondye avèk nou.) **24** Lè
Jozèf leve nan dòmi an, li fè tou sa zanj Bondye a te di l'
fè: li pran madanm li lakay li. **25** Men, Jozèf pa t' kouche
ak Mari, jouk lè li te fin akouche yon ti gason. Jozèf te rele
pitit la Jezi.

2 Jezi te fèt lavil Betleyèm nan peyi Jide, sou tan wa
Ewòd. Apre li te fèt, kèk nèg save ki konn etidye zetwal
yo soti nan peyi solèy leve, yo rive lavil Jerizalèm. **2** Yo
t'ap mande: Kote wa jwif ki fenk fèt la? Nou wè zetwal li
parèt depi nan peyi nou an, nou vin adore li. **3** Lè wa
Ewòd pran nouvèl la, sa te boulvèse tèt li. Sa te boulvèse
tout moun lavil Jerizalèm yo tou. **4** Ewòd reyini tout chèf
prèt yo ansanm ak direktè lalwa yo ki t'ap dirije pèp jwif la.
Li mande yo: Ki kote Kris la gen pou l' fèt? **5** Yo reponn li:
Se lavil Betleyèm nan peyi Jide li gen pou l' fèt. Paske,
men sa pwofèt la te ekri: **6** Ou menm, Betleyèm, ki bati
sou tè Jida a, pawòl sèten: se pa ou ki pi piti nan tout lavil
peyi Jida yo. Paske, gen yon chèf ki gen pou soti lakay
ou. Se li menm ki va kondi moun Izrayèl yo, pèp mwen an.
7 Se konsa, Ewòd fè nèg save yo vin jwenn li an kachèt. Li
mande yo kilè egzakteman zetwal la te parèt. **8** Apre sa, li
voye yo ale Betleyèm. Li di yo: Ale non! Chache konnen
tout bagay sou ti pitit la. Lè n'a jwenn li, fè m' konnen pou
m' sa kapab al adore l', mwen menm tou. **9** Apre wa a te
fin di yo sa, nèg save yo pati. Lè sa a, zetwal yo te wè
nan peyi solèy leve a parèt devan yo ankò. Li t'ap mache
devan yo. Zetwal la kontinye konsa jouk li rive sou tèt kay
kote ti pitit la te ye a. Epi l' rete. **10** Lè yo te wè zetwal la,
yo pa t' manke kontan. **11** Yo antre nan kay la, yo wè ti
pitit la ansanm ak Mari, manman li. Yo mete ajenou devan
l', yo adore l'. Apre sa, yo louvri sak yo, yo ba li anpil kado:
te gen lò, lansan ak lami. **12** Apre sa, Bondye pale ak nèg
save yo nan dòmi, li avèti yo pou yo pa tounen bò kote
Ewòd ankò. Se konsa mesye yo fè yon lòt wout pou yo
tounen al nan peyi yo. **13** Lè nèg save yo fin ale, yon zanj
Bondye parèt devan Jozèf nan dòmi. Zanj lan di l' konsa:
Leve non, pran ti pitit la ansanm ak manman l'. Sove ale
nan peyi Lejip. Wa rete la jouk lè m'a di ou pou ou tounen.
Paske, Ewòd pral chache touye ti pitit la. **14** Jozèf leve
nan mitan lannwit lan, li pran ti pitit la ansanm ak manman
l'. Li pati, li ale nan peyi Lejip. **15** Jozèf rete la jouk lè
Ewòd mouri. Se konsa, pawòl Bondye te mete nan bouch
pwofèt la te rive vre. Li te di: Mwen rele pitit mwen, mwen
fè l' soti kite peyi Lejip. **16** Lè Ewòd wè nèg save yo te
pase l' nan jwèt, li fè yon gwo kòlè. Li bay lòd touye tout ti
pitit gason ki te nan lavil Betleyèm ak nan tout vwazinaj
la, depi sa ki te fèk fèt jouk sa ki te gen dezan, dapre dat
nèg save yo te ba li a. **17** Se konsa, pawòl pwofèt Jeremi
te di a rive vre: **18** Yo tande yon rèl nan lavil Rama. Yo
tande kriye ak gwo anmwe. Se Rachèl k'ap kriye pou pitit
li yo. Li pa vle pesonn ba li kouraj, paske pitit li yo mouri.
19 Apre Ewòd mouri, yon zanj Bondye parèt devan Jozèf
nan dòmi, antan l' nan peyi Lejip la. **20** Zanj lan di l': Leve
non, pran ti pitit la ansanm ak manman l', tounen nan
peyi Izrayèl la. Paske, moun ki te vle touye ti pitit la, yo
mouri. **21** Lamenm Jozèf leve, li pran ti pitit la ansanm ak
manman l', li tounen nan peyi Izrayèl la. **22** Men, lè Jozèf
vin konnen se Akelayis ki t'ap gouvènen peyi Jide a nan
plas Ewòd, papa l', Jozèf te pè ale la. Bondye pale avè l'
ankò nan dòmi. Lè sa a, li pati, li ale nan peyi Galile. **23**
Li vin rete nan yon vil yo rele Nazarèt. Se konsa, pawòl
pwofèt yo te di a rive vre: y'a rele l' moun Nazarèt.

3 Lè sa a, Jan Batis parèt nan dezè Jide a. Li t'ap mache
bay mesaj sa a. **2** Li t'ap di: Tounen vin jwenn Bondye.
Paske, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a
nan men l'. **3** Se sou Jan pwofèt Ezayi t'ap pale lè l' te di:
Se vwa yon nonm k'ap rele nan dezè a: Pare gran wout
Seyè nou an. Plani chemen an byen plani pou li. **4** Jan te
gen yon rad fèt ak pwal chamo sou li, li te mare ren l' ak
yon sentiwon an po. Li te manje krikèt ak gato myèl li te
jwenn nan bwa. **5** Moun soti lavil Jerizalèm, nan tout peyi
Jide a ak nan tout vwazinaj larivyè Jouden an, yo tout te
vin jwenn Jan. **6** Yo te konfese peche yo devan tout moun.
Apre sa, Jan te batize yo nan larivyè Jouden an. **7** Lè Jan
wè te gen anpil farizyen ak sadiseyen ki t'ap vin jwenn li
pou resevwa batèm nan men l', li di yo: Bann vèmen!
Ki moun ki fè nou konnen nou kapab chape anba kòlè
Bondye k'ap vini an? **8** Fè bagay ki pou fè wè lavi nou
chanje tout bon. **9** Pa konprann nou ka di nan kè nou: Se
pitit pitit Abraram nou ye. Paske, mwen p'ap kache di nou
sa: Bondye kapab pran wòch sa yo, li fè yo tounen pitit
pou Abraram. **10** Epitou, rach la tou pare pou koupe rasin
pyebwa yo. Nenpòt pyebwa ki pa bay bon donn, yo pral
koupe sa jete nan dife. **11** Mwen menm, mwen batize nou
nan dlo, pou fè wè nou tounen vin jwenn Bondye. Men,
moun k'ap vin apre mwen an gen plis pouvwa anpil pase
m'. Mwen pa bon ase menm pou m' ta wete sapat ki nan
pye li. Se li menm ki va batize nou nan Sentespri ak nan
dife. **12** Li gen laye l' nan men li. L'ap vannen tout grenn ki
sou glasi a. La ranmase grenn ki bon yo, la mete yo nan
galata li; men, l'ap boule pay la nan yon dife ki p'ap janm
mouri. **13** Lè sa a, Jezi soti nan peyi Galile, li vin larivyè
Jouden, bò kote Jan pou Jan batize li. **14** Men, Jan pa t'
dakò pou sa menm. Li di l': Se ou ki pou ta batize m', epi
se ou menm ki vin jwenn mwen pou m' batize ou? **15** Jezi
reponn li: Kite sa fèt konsa koulye a. Se konsa pou nou fè
tou sa Bondye mande. Jan pa t' kenbe tèt avè l' ankò. **16**
Fini Jan fin batize l', Jezi soti nan dlo a. Menm lè a, syèl la
louvri, Jezi wè Lespri Bondye a desann sou fòm yon ti
pijon vin sou li. **17** Lè sa a, yon vwa soti nan syèl la, li di:
Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m' kontan anpil.

4 Apre sa, Lespri Bondye pouse Jezi ale nan dezè a pou
Satan te ka tante l'. **2** Jezi pase karant jou ak karant
nwit san manje. Apre sa, li vin grangou. **3** Lè sa a, Satan
pwoche bò kote l' pou sonde l'. Li di l' konsa: Si ou se Pitit
Bondye, bay wòch sa yo lòd pou yo tounen pen. **4** Jezi
reponn li: Men sa ki ekri: Moun pa kapab viv ak manje
ase. Yo bezwen tout pawòl ki soti nan bouch Bondye
tou. **5** Apre sa, grandyab la mennen l' lavil Jerizalèm.
Li mete l' kanpe sou pwent fetay tanp lan. **6** Li di Jezi
konsa: Si ou se Pitit Bondye, lage kò ou anba. Paske,
men sa ki ekri: Bondye va bay zanj li yo lòd pou yo veye
sou ou. y'a pote ou nan men yo, pou ou pa kase zòtèy
pye ou sou okenn wòch. **7** Jezi reponn li: Men sa ki ekri
tou: Ou pa dwe seye sonde Mèt la, Bondye ou. **8** Satan
mennen Jezi ankò sou yon mòn ki byen wo. Li moutre l'
tout peyi ki sou latè ansanm ak tout riches yo. **9** Li di l'
konsa: M'ap ba ou tout bagay sa yo, si ou mete ou ajenou
devan m' pou ou adore m'. **10** Jezi reponn li: Wete kò
ou sou mwen, Satan. Paske, men sa ki ekri: Se Mèt la,
Bondye ou, pou ou adore, se li menm sèl pou ou sèvi.
11 Fwa sa a, grandyab la kite l'. Latou, kèk zanj Bondye
pwoche bò kote Jezi, yo sèvi l'. **12** Lè Jezi tande yo te
mete Jan Batis nan prizon, li wete kò l', li ale nan peyi
Galile. **13** Li kite lavil Nazarèt, li ale rete nan yon vil yo
rele Kapènawòm, ki te toupre lanmè Galile a, sou tè moun
Zabilon ak moun Neftali yo. **14** Konsa, pawòl pwofèt Ezayi
te di a rive vre: **15** Peyi Zabilon ak peyi Neftali ki sou wout
pou ale bò lanmè a, peyi ki lòt bò larivyè Jouden an, peyi
Galile kote moun lòt nasyon yo ap viv la, **16** pèp ki t'ap viv
nan fènwa a wè yon gwo limyè. Limyè a klere pou moun
ki t'ap viv nan peyi ki anba lonbraj lanmò a. **17** Depi lè
sa a, Jezi kòmanse ap mache bay mesaj li a. Li t'ap di:
Tounen vin jwenn Bondye. Paske, Bondye ki wa nan syèl
la ap vin pran pouvwa a nan men li. **18** Antan Jezi t'ap
mache bò lanmè Galile a, li wè de frè: Simon, yo rele Pyè
a, ak Andre, frè li. Yo t'ap voye privye nan lanmè a, paske
se pechè pwason yo te ye. **19** Jezi di yo konsa: vin jwenn
mwen, m'a fè nou tounen pechè moun pito. **20** Lamenm,
yo kite privye yo, y' ale avèk li. **21** Jezi vanse pi lwen, li
wè de lòt frè, Jak avèk Jan, pitit Zebede yo. Yo te chita
nan kannòt yo ansanm ak papa yo, yo t'ap repare privye
yo. Jezi rele yo. **22** Lamenm, yo kite kannòt la ansanm ak
papa yo, y' ale avèk li. **23** Jezi t'ap mache toupatou nan
peyi Galile a. Li t'ap moutre moun yo anpil bagay nan
sinagòg yo. Li t'ap anonse Bon Nouvèl peyi kote Bondye
wa a. Li t'ap geri tout kalite maladi ak tout kalite enfimite
pèp la te ka genyen. **24** Toupatou nan peyi Siri a, se tout
moun ki t'ap nonmen non li. Se sa ki fè yo te mennen tout
kalite moun malad ba li, ansanm ak tout moun ki soufri
doulè, moun ki te gen move lespri sou yo, moun ki soufri
malkadi ak moun ki paralize. Jezi geri yo tout. **25** Yon
bann moun t'ap swiv li. Yo te soti toupatou: te gen moun
Galile, moun Dis Vil yo, moun lavil Jerizalèm, moun Jide
ak moun nan peyi lòt bò larivyè Jouden an.

5 Lè Jezi wè foul moun yo, li moute sou yon mòn. Li
chita. Disip li yo pwoche bò kote l'. **2** Li tanmen moutre
moun yo anpil bagay. Li di yo: **3** Benediksyon pou moun ki
konnen se pòv yo ye devan Bondye, paske peyi Wa ki nan
syèl la, se pou yo li ye. **4** Benediksyon pou moun ki nan
lapenn, paske Bondye va ba yo kouraj. **5** Benediksyon
pou moun ki dou, paske y'a resevwa byen Bondye te sere
pou yo a sou latè. **6** Benediksyon pou moun ki anvi viv
jan Bondye vle l' la, paske Bondye va ba yo sa yo vle a. **7**
Benediksyon pou moun ki gen kè sansib, paske Bondye
va fè yo wè jan li gen kè sansib tou. **8** Benediksyon
pou moun ki pa gen move lide nan tèt yo, paske y'a wè
Bondye. **9** Benediksyon pou moun k'ap travay pou lèzòm
viv byen yonn ak lòt, paske Bondye va rele yo pitit li. **10**
Benediksyon pou moun ki anba pèsekisyon lè y'ap fè sa
Bondye mande, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li
ye. **11** Benediksyon pou nou lè moun va joure nou, lè y'a

pèsekite nou, lè y'a fè tout kalite manti sou nou paske se
moun pa m' nou ye. 12 Fè kè nou kontan. Wi, nou mèt
kontan nèt, paske yon gwo rekonpans ap tann nou nan
syèl la. Se konsa yo te pèsekite pwofèt ki te vini anvan
nou yo. 13 Se sèl nou ye pou moun sou latè. Si sèl la
pèdi gou l', ak kisa pou yo ba li gou ankò? Li pa vo anyen
ankò. Se jete pou yo voye sa jete deyò, pou moun pile sa
anba pye yo. 14 Se limyè nou ye pou moun sou latè.
Moun pa kapab kache yon lavil ki bati sou yon mòn. 15 Ni
yo pa limen yon lanp pou mete l' anba yon mamit. Men,
yo mete l' sou yon etajè, pou l' klere pou tout moun ki
nan kay la. 16 Konsa tou, se pou limyè nou klere devan
tout moun, pou lè yo wè tout byen n'ap fè yo, y'a fè lwanj
Papa nou ki nan syèl la. 17 Pa mete nan tèt nou mwen
vin aboli lalwa Moyiz la ak sa pwofèt yo te moutre nou.
Mwen pa vin pou aboli yo, mwen vin moutre sa yo vle di
tout bon. 18 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: tout tan syèl la
ak tè a va la, pa yon ti detay, ni yon sèl ti bout lèt nan
lalwa a p'ap disparèt, jouk tout bagay ki pou rive yo rive.
19 Se sa ki fè, moun ki va dezobeyi yonn nan pi piti nan
kòmandman sa yo, epi ki va moutre lòt moun pou yo fè
menm jan an tou, moun sa a va pase pou pi piti nan Peyi
Wa ki nan syèl la. Konsa tou, moun ki obeyi kòmandman
sa yo, k'ap moutre lòt moun jan pou yo fè l' tou, moun sa
a va pase pou pi gran nan Peyi Wa ki nan syèl la. 20
Paske m'ap di nou sa: Si nou pa obeyi Lalwa Bondye a pi
byen pase farizyen yo ak direktè lalwa yo, si nou pa viv pi
byen pase yo, nou p'ap kapab antre nan Peyi Wa ki nan
syèl la. 21 Nou tande ki jan nan tan lontan yo te di zansèt
nou yo: Piga ou janm touye moun. Moun ki touye moun,
se pou yo jije yo. 22 Men, mwen menm, men sa m'ap di
nou: Nenpòt moun ki ankòlè sou frè l', se pou yo jije li.
Moun ki joure frè l' enbesil, se pou yo jije l' devan Gran
Konsèy la. Si yon moun di frè l' moun fou, li bon pou yo
jete l' nan dife lanfè a. (Geenna g1067) 23 Konsa, si lè w'ap
mete ofrann ou sou lotèl la bay Bondye, epi antan ou
la devan lotèl la, ou chonje frè ou gen kichòy kont ou,
men sa pou ou fè: 24 Kite ofrann lan la devan lotèl la,
ale byen ak frè ou la anvan. Apre sa, wa tounen vin bay
Bondye ofrann ou an. 25 Si yon moun pote plent pou ou
nan tribinal, prese mete ou dakò avè l' antan nou prale
ansanm nan tribinal la, pou li pa lage ou nan men jij la,
pou jij la pa lage ou nan men lapolis, pou yo pa mete ou
nan prizon. 26 Sa m'ap di ou la, se vre wi: ou p'ap soti
nan prizon an toutotan ou pa peye dènye lajan yo mande
ou la. 27 Nou tande ki jan nan tan lontan yo te di: Piga ou
janm fè adiltè. 28 Mwen menm, men sa m'ap di nou: Si
yon nonm gade yon fi avèk lanvi, li deja fè adiltè avè l' nan
kè l'. 29 Si se grenn je dwat ou ki pou ta fè ou tonbe nan
peche, rache l' voye jete byen lwen ou. Pito ou pèdi yon
sèl manm nan kò ou, pase pou yo voye tout kò ou nèt jete
nan lanfè. (Geenna g1067) 30 Si se men dwat ou ki pou ta
fè ou tonbe nan peche, koupe l' voye jete byen lwen ou.
Pito ou pèdi yon sèl nan manm ou yo, pase pou tout kò a
nèt al nan lanfè. (Geenna g1067) 31 Yo te konn di nou tou:
Si yon nonm vle kite ak madanm li, fòk li ekri l' yon papye
divòs. 32 Men mwen menm, men sa m'ap di nou: Yon
nonm ki kite ak madanm li, si se pa pou lenkondit, nonm
sa a lakòz madanm lan fè adiltè. Konsa tou, yon nonm ki
marye ak yon madanm mari l' kite l', li fè adiltè tou. 33
Nou tande ki jan nan tan lontan yo te di zansèt nou yo: Ou
pa dwe refize fè sa ou te sèmante pou ou te fè a. Se pou
ou fè sa ou te sèmante fè devan Bondye. 34 Men mwen
menm, men sa m'ap di nou: Pa fè sèman menm. Pa fè
sèman sou syèl la, paske syèl la se fotèy kote Bondye
chita. 35 Pa fè sèman sou tè a, paske tè a se ti ban kote
Bondye poze pye li. Pa fè sèman sou lavil Jerizalèm,
paske se lavil gwo Wa a. 36 Pa fè sèman non plis sou tèt
pa ou, paske ou pa ka fè yon sèl grenn cheve nan tèt ou
tounen blan osinon nwa. 37 Men, lè w'ap pale se wi ak
non pou ou genyen ase. Tou sa ou mete an plis, se nan
Satan sa soti. 38 Nou tande ki jan nan tan lontan yo te di:
yon je pou yon je, yon dan pou yon dan. 39 Men mwen
menm, men sa m'ap di nou: Pa tire revanj sou moun ki fè
nou mal. Si yon moun ba ou yon souflèt sou bò dwat, ba li
bò gòch la tou. 40 Si yon moun vle rele ou nan tribinal
pou l' pran chemiz ou, kite palto a ba li tou. 41 Si yon chèf
vle fòse ou pote yon chaj pou li sou distans yon kilomèt,
fè de kolomèt avè l'. 42 Bay lè moun mande ou. Pa refize
prete moun ki mande ou prete. 43 Nou tande ki jan nan
tan lontan yo te di: Se pou nou renmen frè parèy nou,
men se pou nou rayi lènmi nou yo. 44 Men mwen menm,
men sa m'ap di nou: renmen tout lènmi nou yo, lapriyè
pou moun k'ap pèsekite nou. 45 Se konsa n'a tounen pitit
Papa nou ki nan syèl la. Paske, li fè solèy la leve ni pou
moun ki mechan ni pou moun ki bon. Li fè lapli tonbe ni
pou moun k'ap fè sa ki byen ni pou moun k'ap fè sa ki
mal. 46 Si nou plede renmen moun ki renmen nou ase, ki
rekonpans nou merite pou sa? Eske pèseptè kontribisyon
yo pa fè sa tou? 47 Lèfini, si se frè nou ase nou di bonjou,
se yon pakèt afè sa ye atò? Eske moun lòt nasyon yo pa
fè sa tou? 48 Non, nou fèt pou nou bon nèt, menm jan
Bondye Papa nou ki nan syèl la bon nèt.

6 Fè atansyon lè n'ap fè devwa nou pou Bondye pou
nou pa fè l' yon jan pou fè moun wè. Lè nou fè l' konsa,
Papa nou ki nan syèl la p'ap ban nou okenn rekonpans. 2
Se sa ki fè tou, lè w'ap bay yon moun ki nan nesesite
kichòy, ou pa bezwen fè tout moun wè sa, tankou ipokrit
yo fè l' nan sinagòg ak nan lari. Yo fè sa pou moun ka fè
lwanj yo. Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Konsa, yo tou
jwenn rekonpans yo. 3 Men, lè w'ap ede moun ki nan
nesesite, fè l' yon jan pou menm pi bon zanmi ou pa konn
sa. 4 Konsa, kado ou fè a rete yon sekrè. Papa ou menm
ki wè sa ou fè an sekrè a va ba ou rekonpans ou. 5 Lè
n'ap lapriyè, pa fè tankou ipokrit yo ki renmen kanpe nan
mitan sinagòg ak nan pwent kalfou pou yo lapriyè. Yo fè
sa pou moun kapab wè yo. Sa m'ap di nou la a, se vre wi:
Konsa, yo tou jwenn rekonpans yo. 6 Men ou menm, lè
w'ap lapriyè, antre nan chanm ou. Fèmen pòt ou. Lapriyè
Papa ou ki la pou kont li avè ou. Konsa, Papa ou menm ki

wè sa ou fè an sekrè a, se li ki va ba ou rekonpans ou. **7** Lè w'ap lapriyè, pa plede repete yon bann pawòl pou
gremesi. Se konsa moun lòt nasyon yo fè. Yo mete nan
tèt yo Bondye va tande yo si yo pale anpil. **8** Piga nou fè
tankou moun sa yo. Paske, Papa nou tou konnen sa nou
bezwen anvan menm nou mande li. **9** Men ki jan pou
nou lapriyè: Papa nou ki nan syèl la, Nou mande pou yo
toujou respekte non ou. **10** vin tabli gouvènman ou, pou
yo fè volonte ou sou latè, tankou yo fè l' nan syèl la. **11**
Manje nou bezwen an, ban nou l' jòdi a. **12** Padonnen
tout sa nou fè ki mal, menm jan nou padonnen moun ki fè
nou mal. **13** Pa kite nou nan pozisyon pou n' tonbe nan
tantasyon, men, delivre nou anba Satan. Paske, se pou
ou tout otorite, tout pouvwa ak tout lwanj, depi tout tan
ak pou tout tan. Amèn **14** Si nou padonnen moun lè yo
fè nou mal, Papa nou ki nan syèl la va padonnen nou
tou. **15** Men, si nou pa padonnen moun lè yo fè nou mal,
Papa nou p'ap padonnen peche nou yo non plis. **16** Lè
n'ap fè jèn, pa pran pòz kagou nou tankou ipokrit yo: Y'ap
mache ak figi yo rale konsa pou tout moun ka wè y'ap fè
jèn. Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Konsa, yo tou jwenn
rekonpans yo. **17** Men ou menm, lè w'ap fè jèn, penyen
tèt ou byen penyen, lave figi ou byen lave. **18** Konsa,
moun p'ap wè si w'ap fè jèn. Papa ou ki la pou kont li avè
ou, se li ase ki konn sa. Konsa, Papa ou menm ki wè sa
ou fè an sekrè a, se li ki va ba ou rekonpans ou. **19** Pa
anpile richès nou isit sou latè, kote vè ak lawouj ap manje
yo, kote vòlè kapab vòlè yo pote ale. **20** Okontrè, anpile
richès nou nan syèl la. Paske la pa gen vè ni lawouj ki
pou manje yo, ni vòlè ki pou pran yo pote ale. **21** Paske,
kote richès ou ye, se la kè ou ye tou. **22** Je ou se tankou
yon lanp li ye pou kò ou. Si je ou an bon eta, tout kò ou
va nan limyè. **23** Men, si je ou an move eta, tout kò ou va
nan fènwa. Se sa ki fè, si limyè ki anndan ou la se fènwa
li ye, se pa ti fè nwa anndan ou fè nwa. **24** Pesonn pa
ka sèvi byen ak de mèt an menm tan. Li gen pou l' rayi
yonn si l' renmen lòt la. L'ap sèvi byen ak yonn, men l'ap
meprize lòt la. Nou pa kapab sèvi Bondye ak lajan an
menm tan. **25** Se poutèt sa, mwen di nou: Pa bat kò nou
pou sa nou bezwen pou manje ak bwè pou viv, ni pou
rad nou bezwen pou mete sou kò nou. Eske lavi a pa pi
konsekan pase manje? Eske kò a pa gen plis valè pase
rad? **26** Gade zwazo k'ap vole nan syèl la: yo pa plante,
yo pa fè rekòt, yo pa sere anyen nan galata. Men, Papa
nou ki nan syèl la ba yo manje. Eske nou pa vo pi plis
pase zwazo yo? **27** Kilès nan nou, afòs li fè tèt li travay,
kapab mete kèk lanne an plis sou lavi l'? **28** Poukisa pou
n'ap bat kò nou pou rad pou nou mete sou nou? Gade ki
jan flè raje yo pouse nan savann. Yo pa travay, yo pa fè
rad. **29** Malgre sa, m'ap di nou sa, wa Salomon ki wa
Salomon, ak tout richès li yo, pa t' gen bèl rad tankou
yonn nan flè sa yo. **30** Se konsa Bondye abiye pye zèb yo
ki la nan jaden an jòdi a, men denmen yo jete sa nan dife
pou chofe fou. Nou pa bezwen mande si li p'ap abiye
nou tou. Ala manke nou manke konfyans nan Bondye!
31 Pa chaje tèt nou ak yon bann keksyon: Kisa n' pral
manje? Kisa n' pral bwè? Kisa n' pral mete sou nou? **32**
Tout bagay sa yo, se moun lòt nasyon yo k'ap kouri dèyè
yo tout tan. Men nou menm, nou gen yon Papa nan syèl
la ki konnen nou bezwen tout bagay sa yo. **33** Pito nou
chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan
lavi nou, chache viv jan Bondye vle l' la anvan. Lè sa a,
Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo tou. **34** Se sa ki
fè, pa chaje tèt nou pou denmen, paske denmen va gen
zafè pa li. Chak jou gen kont chay pa yo.

7 Pa jije moun pou Bondye pa jije nou, **2** paske Bondye
va jije nou menm jan nou jije lòt yo. Mezi nou sèvi
pou mezire lòt yo, se li menm menm Bondye va sèvi pou
mezire nou tou. **3** Poukisa pou w'ap gade ti pay ki nan je
frè ou, epi ou pa wè gwo bout bwa ki nan je pa ou la? **4**
Ou menm ki gen yon gwo bout bwa nan je ou la, kouman
ou ka di frè ou: Kite m' wete ti pay ki nan je ou la? **5**
Ipokrit! Wete gwo bout bwa a ki nan je pa ou la anvan.
Apre sa, wa wè klè pou ou ka wete ti pay ki nan je frè ou
la. **6** Piga nou bay chen bagay yo mete apa pou Bondye.
Piga nou jete bèl grenn pèl nou yo devan kochon. Si
nou fè sa, kochon yo va mache sou yo, epi y'a vire sou
nou vin dechire nou. **7** Mande, y'a ban nou. Chache, n'a
jwenn. Frape, y'a louvri pou nou. **8** Paske, nenpòt moun
ki mande va resevwa. Moun ki chache va jwenn. y'a louvri
pou moun ki frape. **9** Eske gen yonn nan nou ki va bay
pitit li yon wòch si li mande l' yon pen? **10** Eske la ba
li yon koulèv si pitit li mande l' yon pwason? **11** Si nou
menm ki mechan jan nou mechan an, nou konn bay pitit
nou yo bon bagay, nou pa bezwen mande si Papa nou ki
nan syèl la p'ap ban nou bon bagay lè nou mande li. **12**
Tou sa nou vle lòt moun fè pou nou, nou menm tou fè l'
pou yo. Se sa lalwa Moyiz la ak liv pwofèt yo mande nou
fè. **13** Antre nan pòt jis la. Paske, pòt ki laj la, chemen ki
fasil la ap mennen nou tou dwat nan lanmò. Gen anpil
moun ki pase ladan li. **14** Men, pòt ki jis la, chemen ki
difisil la ap mennen nou tou dwat nan lavi. Pa gen anpil
moun ki jwenn li. **15** Pran prekosyon nou ak fo pwofèt yo.
Yo pran pòz ti mouton yo lè y'ap vin sou nou, men nan fon
kè yo, se bèt devoran yo ye. **16** n'a rekonèt yo sou sa y'ap
fè. Yo pa keyi rezen sou pye pikan. Ni yo pa keyi fig frans
sou pye rakèt. **17** Yon bon pyebwa bay bon donn. Men,
yon move pyebwa bay move donn. **18** Yon bon pyebwa
pa ka bay move donn. Nitou yon move pyebwa pa ka bay
bon donn. **19** Nenpòt pyebwa ki pa bay bon donn, yo
pral koupe sa jete nan dife. **20** Konsa tou, n'a rekonèt fo
pwofèt yo sou sa y'ap fè. **21** Se pa tout moun k'ap plede
di m': Mèt, Mèt, ki pral antre nan peyi Wa ki nan syèl la,
men se sèlman moun ki fè volonte Papa m' ki nan syèl la.
22 Lè jou sa a va rive, anpil moun va di m': Mèt, Mèt, se
sou non ou nou t'ap bay mesaj ki soti nan Bondye a. Se
sou non ou nou te chase move lespri yo. Se sou non ou
nou te fè anpil mirak. **23** Lè sa a, m'a di yo: Mwen pa t'
janm konnen nou. Wete kò nou sou mwen, nou menm

k'ap fè sa ki mal. **24** Konsa, moun ki tande pawòl mwen
fenk sot di a, epi ki fè sa mwen mande li fè a, l'ap tankou
yon moun lespri ki bati kay li sou wòch. **25** Lapli tonbe,
dlo desann, gwo van soufle sou kay la ak tout fòs. Kay la
pa tonbe, paske yo te moute fondasyon kay la sou wòch.
26 Men, moun ki tande pawòl mwen fenk sot di a, epi ki
pa fè sa mwen mande li fè a, l'ap tankou yon moun fou ki
bati kay li sou sab. **27** Lapli tonbe, dlo desann, gwo van
soufle sou kay la ak tout fòs: kay la tonbe, li fini nèt ale.
28 Lè Jezi fin di pawòl sa yo, foul moun yo te sezi tande
sa l' t'ap moutre yo. **29** Se pa t' menm jan ak dirèktè lalwa
yo, paske li te pale ak yo tankou yon moun ki otorize.

8 Apre sa, Jezi desann soti sou ti mòn lan, yon gwo foul
moun t'ap mache dèyè li. **2** Lè sa a, yon nonm ki te
gen lalèp pwoche bò kote l', li tonbe ajenou devan Jezi, li
di l' konsa: Mèt, si ou vle, ou kapab geri mwen. **3** Jezi
lonje men l', li manyen nonm lan, li di l': Wi, mwen vle. Se
pou ou geri. Menm lè a, lalèp la kite li. **4** Apre sa, Jezi di
l': Piga ou di pesonn sa. Men, ale fè prèt yo wè ki jan ou
ye. Apre sa, wa ofri sa Moyiz te bay lòd ofri a. Konsa, wa
bay tout moun prèv ou geri. **5** Antan Jezi t'ap antre lavil
Kapènawòm, yon kaptenn lame women an vin bò kote
li. Li mande l' yon sèvis. Li di l' konsa: **6** Mèt, domestik
mwen an kouche lakay, li paralize nèt, l'ap soufri anpil. **7**
Jezi di l' konsa: Mwen pral geri l' pou ou. **8** Men kaptenn
lan reponn li: Mèt, mwen pa merite pou ou antre lakay
mwen. Men, annik bay yon lòd ase, domestik mwen an va
geri. **9** Mwen menm k'ap pale avè ou la a, mwen sou zòd
chèf, mwen gen sòlda sou zòd mwen tou. Lè m' di yonn
ale, li ale. Lè m' di yon lòt vini, li vini. Lè m' di domestik
mwen an fè sa, li fè li. **10** Lè Jezi tande pawòl sa yo, li
sezi. Li di moun ki t'ap mache dèyè li yo: Sa m'ap di nou
la a, se vre wi: mwen poko janm jwenn yon moun nan pèp
Izrayèl la ki gen konfyans nan Bondye tankou nonm sa a.
11 Mwen p'ap kache di nou sa: anpil moun va soti nan
peyi solèy leve ak nan peyi solèy kouche, y'a vin chita sou
tab ansanm ak Abraram, ak Izarak, ak Jakòb nan Peyi
Wa ki nan syèl la. **12** Men, moun ki pou ta antre nan Peyi
Wa a, y'ap voye yo jete deyò nan fènwa. Se la va gen rèl,
se la moun va manje dan yo. **13** Apre sa, Jezi di kaptenn
lan: Ale lakay ou. Tout bagay ap pase pou ou jan ou kwè
l' la. Menm lè a, domestik la te geri. **14** Apre sa, Jezi ale
lakay Pyè. Li jwenn bèlmè Pyè a kouche ak lafyèv. **15**
Jezi manyen men madanm lan, lamenm lafyèv la kite li.
Madanm lan leve, li resevwa li. **16** Lè solèy fin kouche, yo
mennen anpil moun ki te gen move lespri sou yo bay Jezi.
Li annik pale ak move lespri yo, li chase yo. Li te geri tout
moun malad yo tou. **17** Se konsa pawòl pwofèt Ezayi te di
a rive vre: Li pran enfimite nou yo sou li. Li pote maladi
nou yo sou do li. **18** Jezi wè li te nan mitan yon gwo foul
moun. Li bay lòd pou yo janbe lòt bò lanmè a. **19** Men,
yon dirèktè lalwa pwoche bò kote l', li di l' konsa: Mèt,
m'ap swiv ou tout kote ou prale. **20** Jezi reponn li: Chat
mawon gen twou yo. Zwezo k'ap vole nan syèl la gen nich
yo. Men, Moun Bondye voye nan lachè a pa gen kote
pou l' poze tèt li. **21** Yon lòt nan disip yo di li: Mèt, pèmèt
mwen al antere papa m' anvan. **22** Men Jezi di li: Swiv
mwen. Kite moun mouri antere moun mouri yo. **23** Jezi
moute nan kannòt la, disip li yo pati avèk li. **24** Antan yo
sou lanmè a, yo rete konsa yon gwo van vin leve. Lanm
lanmè yo t'ap kouvri kannòt la. Jezi menm t'ap dòmi lè sa
a. **25** Disip yo pwoche bò kote li. Yo souke l', yo fè l' leve.
Yo di l' konsa: Mèt, sove nou non. Se mouri n'ap mouri.
26 Jezi di yo: Poukisa nou pè konsa? Ala moun manke
konfyans! Apre sa, Jezi leve kanpe, li pale byen fò ak
van an ansanm ak dlo a. Lamenm yon gwo kalmi fèt. **27**
Mesye yo te sezi anpil. Yo di konsa: Ki kalite moun sa a
menm, pou jouk van ak dlo lanmè obeyi li? **28** Lè Jezi rive
lòt bò lanmè a, nan peyi Gadarenyen yo, de moun soti
nan mitan tonm mò yo, yo vin devan li. Mesye sa yo te
gen move lespri sou yo. Yo te sitèlman move pesonn pa t'
kapab pase nan chemen sa a. **29** Yo tou de pran rele
ansanm: Ey, Pitit Bondye a. Kisa nou gen avè ou? Eske
ou vin isit la pou fè n' soufri anvan lè nou? **30** Toupre kote
yo te ye a, te gen yon bann kochon ki t'ap chache manje
pou yo manje. **31** Move lespri yo mande Jezi: Tanpri, si
ou vle chase nou, voye nou sou bann kochon sa yo. **32**
Jezi di yo: Ale non. Move lespri yo soti sou de mesye yo,
yo antre nan kochon yo. Menm lè a, tout bann kochon yo
pran degrengole desann falèz la, y al neye tèt yo nan
lanmè. **33** Moun ki t'ap gade kochon yo pran kouri. Y ale
lavil la, yo rakonte tou sa ki te pase ansanm ak sa ki te
rive de mesye yo ki te gen move lespri sou yo. **34** Lè sa
a, tout moun lavil la soti vin jwenn Jezi. Lè yo wè l', yo
mande li: Tanpri souple, ale fè wout ou.

9 Jezi moute nan kannòt la, li tounen lòt bò lanmè a
ankò, nan lavil kote l' te ye a. **2** Se konsa, yo pote ba
li yon nonm paralize kouche sou yon kabann. Jezi wè jan
moun yo te gen konfyans nan li, li di nonm paralize a:
Pran kouraj, pitit mwen, peche ou yo padonnen. **3** Lè sa
a, kèk dirèktè lalwa di nan kè yo: Nonm sa a ap pale mal
sou Bondye. **4** Men, Jezi te gen tan konnen sa ki t'ap
pase nan tèt yo. Li di yo: Poukisa n'ap fè move lide konsa
nan tèt nou? **5** Kisa ki pi fasil pou m' di: Peche ou yo
padonnen, osinon: Leve mache? **6** Enben, m'ap fè nou
konnen mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a,
mwen gen pouvwa sou latè pou m' padonnen peche. Li
vire, li di nonm paralize a: Leve kanpe, pran kabann ou,
ale lakay ou. **7** Nonm lan leve kanpe vre, li ale lakay li.
8 Lè moun yo wè sa, yo tout te pè, yo fè lwanj Bondye
dapre li te bay lèzòm kalite pouvwa sa a. **9** Jezi kite kote
l' te ye a. Antan li t'ap pase konsa, li wè yon nonm yo te
rele Matye ki te chita nan biwo kontribisyon an. Jezi di
l' konsa: Swiv mwen. Matye annik leve, li swiv Jezi. **10**
Pita, Jezi t'ap manje nan kay la. Te gen anpil pèseptè
kontribisyon ak moun k'ap fè sa ki mal ki te vin chita sou
tab avè l' ansanm ak disip li yo. **11** Farizyen yo wè sa,
yo di disip li yo: Poukisa Mèt nou an ap manje konsa ak
pèseptè kontribisyon ansanm ak moun k'ap fè sa ki mal
yo? **12** Jezi tande sa, li di yo: Si yon moun ansante, li pa

bezwen dòktè. Se moun malad ki bezwen dòktè. **13** Ale
non, chache konprann sans pawòl sa yo ki nan Liv la:
Mwen vle pou nou gen kè sansib. Mwen pa bezwen bèt
n'ap ofri pou touye pou mwen yo. Paske, mwen pa vin
rele moun k'ap mache dwat devan Bondye, men moun
k'ap fè sa ki mal yo. **14** Disip Jan Batis yo pwoche bò
kot Jezi, yo di li: Nou menm ak farizyen yo, nou fè jèn.
Men, poukisa disip ou yo pa fè jèn tou? **15** Jezi reponn
yo: Eske zanmi yon nonm k'ap marye kapab nan lapenn
toutotan nonm k'ap marye a la ak yo? Non, pa vre? Men,
lè lè a va rive pou l' pa nan mitan yo ankò, se lè sa a y'a
fè jèn. **16** Pesonn pa pyese yon vye rad ak yon moso twal
nèf. Paske, pyès nèf la va pati ak moso nan rad la. Lè sa
a, rad la chire pi mal. **17** Konsa tou, yo pa mete diven ki
fenk fèt nan vye veso fèt an po. Si ou fè sa, veso an po
yo gen pou pete, diven an gen pou koule atè; epi ou pèdi
veso yo tou. Men, yo mete diven ki fèk fèt nan veso an po
ki fenk fèt tou. Konsa, ni diven an ni veso an po yo ap
byen konsève. **18** Antan Jezi t'ap pale konsa ak moun
yo, yonn nan chèf jwif yo vin rive, li mete ajenou devan
Jezi. Li di li: Pitit fi mwen an fèk mouri. Men, vin mete
men ou sou li pou li ka viv. **19** Jezi leve, li swiv nonm
lan. Disip li yo te ale avè l' tou. **20** Lè sa a, yon fanm ki
te malad pwoche pa dèyè Jezi. Li te gen pèdisyon depi
douzan. Li manyen rebò rad Jezi a, **21** paske li t'ap di nan
kè l': Si m' ka manyen rad li sèlman, m'a geri. **22** Jezi
vire tèt li, li wè fanm lan. Li di l' konsa: Pran kouraj, mafi.
Konfyans ou nan Bondye ap geri ou. Menm lè a, fanm
lan geri. **23** Lè Jezi rive kay chèf la, li wè mizisyen yo ki
t'ap pare pou lantèman an, ansanm ak yon foul moun ki
t'ap fè anpil bri. **24** Jezi di yo: Tout moun, soti. Tifi a pa
mouri. Se dòmi l'ap dòmi. Yo pran pase l' nan betiz. **25** Lè
foul moun yo fin soti, Jezi antre nan chanm lan. Li pran
men tifi a. Lamenm, tifi a leve. **26** Nouvèl la gaye nan
tout peyi a. **27** Jezi kite kote l' te ye a. Antan li t'ap pase
yon kote, de avèg pran mache dèyè li. Yo t'ap rele: Pitit
David, gen pitye pou nou! **28** Lè Jezi rive nan kay la, avèg
yo pwoche bò kote li. Jezi di yo: Eske nou kwè mwen
ka fè sa pou nou? Yo reponn li: Wi, Mèt. **29** Lè sa a, li
manyen je yo, li di: Se pou sa fèt pou nou jan nou kwè l'
la. **30** Je yo louvri. Jezi pale byen sevè ak yo, li di yo:
Tande byen, piga pesonn konn sa. **31** Men, ale yo ale,
yo pran nonmen non l' toupatou nan peyi a. **32** Antan
avèg yo taprale, kèk lòt moun mennen yon nonm bay
Jezi. Nonm sa a te bèbè, paske li te gen yon move lespri
sou li. **33** Chase Jezi chase move lespri a, bèbè a pran
pale. Foul moun yo te sezi anpil. Yo t'ap di: Nou poko
janm wè bagay konsa nan peyi Izrayèl. **34** Men, farizyen
yo t'ap di: Se chèf move lespri yo ki ba l' pouvwa pou
chase move lespri yo. **35** Jezi t'ap mache nan tout lavil yo
ak tout ti bouk yo. Li t'ap moutre moun yo anpil bagay
nan sinagòg yo. Li t'ap fè konnen Bon Nouvèl Peyi kote
Bondye Wa a. Li t'ap geri tout kalite maladi ak tout kalite
enfimite. **36** Lè Jezi wè tout bann moun sa yo, kè l' fè
l' mal pou yo paske li wè yo te bouke, yo te dekouraje,
tankou yon bann mouton san gadò. **37** Lè sa a, li di disip
li yo: Rekòt la anpil, men manke travayè pou ranmase l'.
38 Mande mèt jaden an pou li voye travayè nan jaden l'
lan.

10 Jezi rele douz disip li yo. Li ba yo pouvwa pou
chase move lespri ak pouvwa pou geri tout kalite
maladi ak enfimite. **2** Men non douz apòt yo: Premye a
se te Simon (li te ba l' yon ti non: Pyè) ak Andre, frè li.
Te gen Jak, pitit Zebede, ak Jan, frè li. **3** Te gen Filip ak
Batèlmi, Toma ak Matye, pèseptè kontribisyon an, Jak,
pitit Alfe a, ak Tade. **4** Te gen Simon, patriyòt la ak Jida
Iskariòt, nonm ki te lage Jezi nan men lènmi l' yo. **5** Jezi
voye douz mesye yo ale, li ba yo lòd sa a: Piga n' ale nan
peyi moun lòt nasyon yo. Pa antre nan lavil Samari yo. **6**
Okontrè, ale tout kote n'a jwenn moun ras Izrayèl yo ki
pèdi. **7** Sou tout wout nou, bay mesaj sa a: Gouvènman
Wa ki nan syèl la prèt pou rive. **8** Geri moun ki malad. Fè
moun mouri yo leve. Geri moun ki malad ak lalèp. Chase
move lespri yo. Se gratis nou resevwa, se gratis tou pou
nou bay. **9** Pa pran ni lò, ni lajan, ni kòb kwiv mete nan
pòch nou. **10** Nou pa bezwen pote sak pou vwayaj la. Pa
mete de rad sou nou, pa pran ni soulye, ni baton. Paske,
yon travayè merite pou yo ba l' manje. **11** Lè nou rive nan
yon lavil, osinon nan yon ti bouk, mande si gen moun ki
vle resevwa nou. Rete lakay li jouk lè nou pati. **12** Lè
n'ap antre nan kay la, n'a di: Benediksyon Bondye sou
kay la. **13** Si moun nan kay la resevwa nou, benediksyon
nou an va desann sou li. Men, si l' pa vle resevwa nou,
benediksyon an va tounen vin jwenn nou. **14** Si yo pa vle
resevwa nou, si yo pa vle koute pawòl nou, soti nan kay
la, osinon nan lavil la, al fè wout nou. Souke pousyè pye
nou. **15** Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Jou jijman an, y'ap
peni moun lavil sa a pi rèd pase moun Sòdòm ak moun
Gomò. **16** Gade, mesye! M'ap voye nou tankou mouton
nan mitan chen mawon. Se sak fè, se pou nou sou prigad
nou tankou pentad, se pou nou inonsan tankou pijon. **17**
Pran prekosyon nou ak tout moun; paske y'a trennen nou
devan tribinal, y'a bat nou ak kout fwèt nan sinagòg yo.
18 y'a fè nou konparèt devan chèf gouvènman ak devan
wa poutèt mwen, pou nou kapab sèvi m' temwen devan
yo ak devan moun lòt nasyon yo. **19** Men, lè y'a mennen
nou nan tribinal, pa bat kò nou chache sa n'a gen pou n'
di, ni jan n'a gen pou n' pale. Lè lè a va rive, Bondye va
mete nan bouch nou sa n'a gen pou n' di. **20** Paske, se
pa nou menm ki va pale, men se Lespri Papa nou an ki
va mete pawòl nan bouch nou. **21** Frè va denonse frè pou
fè touye li. Papa va denonse pitit. Pitit va leve kont papa
ak manman pou fè touye yo. **22** Tout moun pral rayi nou
poutèt mwen. Men, moun ki va kenbe fèm jouk sa kaba,
se yo ki va sove. **23** Lè y'a pèsekite nou nan yon lavil,
sove ale nan yon lòt. Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Moun
Bondye voye nan lachè a va gen tan vini anvan n'a fin
mache nan tout lavil ki nan peyi Izrayèl la. **24** Yon elèv pa
pi fò pase mèt li. Nitou, yon domestik pa pi grannèg pase

patwon li. **25** Si yon elèv rive fò tankou mèt li, sa kont pou
li; si yon domestik rive tankou patwon li, sa kont pou li. Si
yo rele mèt kay la Bèlzeboul, se pa lòt moun nan kay la yo
p'ap bay pi move non toujou! **26** Se sak fè nou pa bezwen
pè pesonn. Pa gen anyen ki kache ki p'ap dekouvri yon
lè. Nanpwen sekrè ki p'ap devwale. **27** Tou sa m'ap di nou
nan fènwa, nou menm repete l' gwo lajounen. Tou sa yo
di nou nan zòrèy, mache bay li nan tout kalfou. **28** Nou pa
bezwen pè moun ki kapab touye kò nou, men ki pa kapab
touye nanm nou. Se Bondye pou nou pè pito, paske li
menm li kapab detwi nanm nou ansanm ak tout kò nou
nan lanfè. **(Geenna g1067)** **29** Eske yo pa vann ti zwazo
de pou senk kòb? Malgre sa, pa gen yon sèl ki tonbe
atè san Papa nou pa konnen. **30** Pou nou menm menm,
ata grenn cheve nan tèt nou, yo tout konte. **31** Se sak
fè, nou pa bezwen pè menm: nou vo pi plis pase anpil ti
zwazo. **32** Moun ki va kanpe pou mwen devan lèzòm,
mwen menm tou, m'a kanpe pou li devan Papa m' ki nan
syèl la. **33** Men tou, moun ki va kanpe devan lèzòm pou
di li pa konnen m', mwen menm tou, m'a kanpe devan
Papa m' ki nan syèl la, m'a di mwen pa konnen l'. **34** Pa
mete nan tèt nou se lapè mwen vin mete sou latè; mwen
pa vin mete lapè, men mwen vin mete divizyon. **35** Mwen
vin mete divizyon ant pitit gason ak papa yo, ant pitit fi ak
manman yo, ant bèlfi ak bèlmè yo. **36** Se pwòp fanmi
nou ki va pi gwo lènmi nou. **37** Moun ki renmen papa l'
osinon manman l' plis pase m' pa kapab moun pa m'.
Moun ki renmen pitit gason l' osinon pitit fi l' plis pase m'
pa kapab moun pa m'. **38** Moun ki pa pran kwa l' pou l'
swiv mwen, li pa kapab moun pa m' non plis. **39** Moun
k'ap chache asire lavi l' va pèdi li. Men, moun ki va pèdi
lavi l' poutèt mwen va jwenn li ankò. **40** Moun ki resevwa
nou, se mwen menm li resevwa. Moun ki resevwa mwen,
li resevwa moun ki voye m' lan tou. **41** Moun ki resevwa
yon pwofèt Bondye paske se pwofèt Bondye li ye, moun
sa a va resevwa rekonpans yo bay yon pwofèt. Moun ki
resevwa yon nonm k'ap mache dwat devan Bondye paske
se yon moun dwat li ye, moun sa a va resevwa rekonpans
yo bay yon moun k'ap mache dwat. **42** Sa m'ap di nou la
a, se vre wi: Nenpòt moun ki va bay yonn nan ti piti sa yo
menm yon gode dlo frèt paske se disip mwen li ye, moun
sa a p'ap pèdi rekonpans li.

11 Lè Jezi fin bay douz disip li yo tout lòd sa yo, li kite
kote li te ye a, li pati, li ale nan lòt lavil peyi a. Li
t'ap mache bay mesaj la, li t'ap moutre moun yo anpil
bagay. **2** Antan Jan Batis te nan prizon, li tande pale
travay Kris la t'ap fè. Li voye kèk patizan pa l' ale mande
Jezi: **3** Eske se ou ki moun nou konnen ki gen pou vini
an, osinon èske nou dwe tann yon lòt? **4** Jezi reponn yo:
Ale rakonte bay Jan sa nou tande ak sa nou wè: **5** Je
avèg yo louvri, moun ki t'ap bwete yo mache byen, moun
ki te gen maladi lalèp yo geri, moun ki te soudè yo tande,
moun ki te mouri yo leve. Pòv yo tande Bon Nouvèl la. **6**
Benediksyon pou moun ki pa jwenn nan mwen okazyon
pou tonbe nan peche. **7** Lè patizan Jan yo al fè wout yo,
Jezi pran pale ak foul la sou Jan. Li di yo konsa: Sa nou
te al wè nan dezè a? Yon pye wozo van t'ap souke? Non.
8 Men, kisa nou te al wè menm? Yon nonm abiye ak bèl
rad? Ala, moun ki mete bèl rad, se kay wa a yo jwenn yo.
9 Manyè di m' kisa nou te al wè menm? Yon pwofèt? Wi,
mwen menm mwen di nou: li pi plis pase yon pwofèt. **10**
Men sa ki te ekri sou Jan: Men m'ap voye mesaje m' lan
devan ou. Li va louvri chemen an devan pou ou. **11** Sa
m'ap di nou la a, se vre wi: Nan tout moun ki fèt sou latè
pa gen yonn ki pi konsekan pase Jan Batis. Malgre sa,
moun ki pi piti nan Peyi Wa ki nan syèl la, pi konsekan
pase l'. **12** Depi sou tan Jan Batis jouk jòdi a, Peyi Wa ki
nan syèl la anba gwo goumen. Se moun ki konn goumen
k'ap antre ladan l'. **13** Anvan Jan Batis te rive, tout pwofèt
yo ansanm ak lalwa Moyiz la te pale sou Peyi Bondye a.
14 Si nou vle kwè l': Jan Batis se Eli ki te gen pou vini an.
15 Si nou gen zòrèy pou n' tande, tande. **16** Ak ki moun
mwen ta konpare moun k'ap viv nan tan alèkile yo? Yo
sanble timoun ki chita sou plas piblik, yonn ap rele lòt
pou di l' konsa: **17** Nou jwe mizik cho pou nou ak fif nou,
nou pa danse. Nou chante chante ki tris pou nou, nou pa
kriye. **18** Jan Batis vini, li pa manje, li pa bwè, yo di li gen
yon move lespri sou li. **19** Mwen menm, Moun Bondye
voye nan lachè a, mwen vini, mwen manje, mwen bwè, yo
di: Gade yon nonm! Se manje ak bwè ase li konnen! Se
zanmi pèseptè kontribisyon ak moun k'ap fè sa ki mal li ye!
Men tou, lè nou wè rezilta sa Bondye fè, nou rekonèt se li
menm nan bon konprann li ki gen rezon. **20** Lè sa a, Jezi
pran fè moun lavil kote l' te fè pifò mirak li yo repwòch,
paske yo pa t' tounen vin jwenn Bondye. **21** Li di yo: Malè
pou nou, moun lavil Korazen! Malè pou nou moun lavil
Betsayda! Paske, si mirak ki fèt nan mitan nou yo, se nan
mitan lavil Tir ak lavil Sidon yo te fèt, gen lontan moun sa
yo ta mete rad sak sou yo. Yo ta kouvri kò yo ak sann dife
pou fè wè yo vle tounen vin jwenn Bondye. **22** Se poutèt
sa m'ap di nou: Jou jijman an, y'a peni nou pi rèd pase
moun lavil Tir ak moun lavil Sidon yo. **23** Nou menm tou,
moun lavil Kapènawòm: nou ta vle yo leve nou jouk nan
syèl la? Enben, y'a desann nou jouk anba kote mò yo ye
a. Paske, si mirak ki fèt nan mitan nou yo, se nan mitan
lavil Sodòm yo te fèt, li ta la jouk jòdi a. **(Hadēs g86)** **24**
Se poutèt sa m'ap di nou: Jou jijman an, y'a peni nou pi
rèd pase moun lavil Sodòm yo. **25** Lè sa a, Jezi di: O
Papa, ou menm ki mèt syèl la ak tè a, mwen di ou mèsi
anpil dapre bagay ou te kache nan je gwo save ak moun
lespri yo ou devwale yo bay ti piti yo. **26** Wi, Papa mwen,
sa pase konsa paske se konsa ou te vle li. **27** Papa m'
renmèt mwen tout bagay. Pesonn pa konn kilès moun Pitit
la ye, esepte Papa a. Konsa tou, pesonn pa konn kilès
moun Papa a ye, esepte Pitit la, ak moun Pitit la vle fè
konnen li. **28** Vini jwenn mwen, nou tout ki bouke, nou
tout ki anba chay, m'a soulaje nou. **29** Pran jouk mwen,
mete l' sou zepòl nou. Pran leson nan men mwen. Paske
mwen dou, mwen toujou soumèt mwen tout bon devan

Bondye. Konsa, n'a viv ak kè poze. 30 Paske, jouk m'ap
ban nou an fasil pou pote, chay m'ap ban nou an pa lou.

12 Kèk jou apre sa, Jezi t'ap pase nan yon jaden ble.
Se te yon jou repo. Disip li yo te grangou. Se konsa
yo pran keyi grap ble, yo t'ap manje grenn yo. 2 Lè
farizyen yo wè sa, yo di l' konsa: Gade. Disip ou yo ap
fè bagay lalwa nou pa pèmèt moun fè gwo jou repo. 3
Jezi reponn yo: Eske nou pa li sa David te fè yon jou li
te grangou, li menm ak moun pa l' yo? 4 Li antre nan
kay Bondye a, li pran pen yo te ofri bay Bondye a, li
manje. Dapre lalwa nou an, ni li menm David ni moun ki
te avè l' yo pa t' gen dwa manje pen sa yo. Se prèt yo
sèlman ki gen dwa sa a. 5 Osinon, èske nou pa li sa ki
ekri nan lalwa Moyiz la: Jou repo, prèt yo ki desèvis nan
tanp lan pa respekte lalwa repo a, men yo pa koupab
pou sa? 6 Enben, m'ap di nou sa: Isit la, gen yon bagay
ki pi konsekan pase tanp lan. 7 Si nou te konnen sans
pawòl sa yo ki nan Liv la: Mwen vle pou nou gen kè
sansib, mwen pa bezwen ofrann bèt n'ap fè pou mwen yo,
nou pa ta kondannen moun ki inonsan. 8 Paske, mwen
menm, Moun Bondye voye nan lachè a, se mèt jou repo a
mwen ye. 9 Jezi kite kote l' te ye a, li antre nan yonn
nan sinagòg yo. 10 Te gen yon nonm ki te gen yon men
pòk nan asanble a. Moun ki te la yo t'ap chache okasyon
pou yo te ka di Jezi fè bagay ki mal. Se konsa yo mande
l': Eske lalwa nou an pèmèt yo geri moun jou repo? 11
Jezi reponn yo: Si yonn nan nou gen yon sèl mouton, si
mouton sa a tonbe nan yon twou byen fon yon jou repo,
èske li p'ap rale l' mete deyò? 12 Bon. Eske yon moun pa
vo pi plis pase yon mouton? Konsa nou wè, lalwa nou an
pèmèt nou fè byen pou yon moun jou repo. 13 Lè sa a, li
di nonm lan: Lonje men ou. Nonm lan lonje men li. Latou,
men an vin byen tankou lòt la. 14 Farizyen yo soti nan
sinagòg la, y al mete tèt yo ansanm pou wè ki jan pou yo
fè touye Jezi. 15 Men, lè Jezi vin konn sa, li kite kote l' te
ye a. Yon gwo foul moun t'ap mache deyè li. Li geri tout
moun malad yo. 16 Men, li te pale sevè ak yo pou yo pa
t' di ki moun li te ye. 17 Tou sa pase konsa, pou pawòl
pwofèt Ezayi te di a te ka rive vre: 18 Bondye pale, li di
konsa: Men sèvitè m' lan, se mwen menm ki chwazi li.
Men moun mwen renmen anpil la. Li fè kè m' kontan anpil.
m'a mete Lespri m' sou li, la fè tout nasyon yo konnen
jijman mwen. 19 Li p'ap diskite ak pèsonn, li p'ap rele sou
pèsonn. Yo p'ap janm tande l' fè diskou nan lari. 20 Li
p'ap fin kase pye wozo ki panche a. Li p'ap tenyen lanp ki
prèt pou mouri a. L'ap fè sa konsa, jouk tan li va fè jistis
Bondye a kanpe nèt. 21 Lè sa a, tout nasyon yo va mete
espwa yo nan li. 22 Apre sa, yo mennen yon nonm bay
Jezi. Nonm lan pa t' ka wè, li pa t' ka pale, paske li te gen
yon move lespri sou li. Jezi geri nonm lan. Lamenm, nonm
lan pale, li wè. 23 Foul moun yo te sezi anpil. Yo t'ap di:
Nou pa kwè se pitit David la sa? 24 Lè farizyen yo tande
sa, yo di: Si nou wè nonm sa a ap chase move lespri, se
paske Bèlzeboul, chèf move lespri yo, ba l' pouvwa pou
sa. 25 Men, Jezi te konnen sa ki te nan tèt yo, li di yo:
Yon peyi ki gen divizyon ladan l', pou moun yo ap goumen
yonn ak lòt, peyi sa a la pou l' disparèt. Si gen divizyon
nan yon lavil osinon nan yon fanmi, pou moun yo ap fè
lagè yonn ak lòt, ni lavil sa a, ni fanmi sa a pa la pou
lontan. 26 Si Satan ap chase moun ki pou li yo, Satan
ap goumen ak pwòp tèt li. Pouvwa Satan an pa la pou
lontan. 27 Si se Bèlzeboul ki ban m' pouvwa pou chase
move lespri, patizan nou yo, ak ki pouvwa yo menm yo
chase move lespri? Se poutèt sa, se yo menm menm k'ap
ban nou tò. 28 Men, si se avek Lespri Bondye m'ap chase
move lespri yo, sa vle di pouvwa Gouvènman Bondye ki
wa a gen tan rive sou nou. 29 Pesonn pa ka antre lakay
yon nonm vanyan pou vòlò byen l' yo, si li pa mare nonm
vanyan an anvan. Lè li fin mare l', se atò la kapab piye
kay la. 30 Moun ki pa avèk mwen, se kont mwen yo ye.
Moun ki p'ap ede m' ranmase, se gaye y'ap gaye. 31 Se
poutèt sa, m'ap di nou: Bondye va padonnen moun tout
peche yo va fè, tout move pawòl ki va soti nan bouch yo.
Men, kanta moun ki va pale mal sou Sentespri a, pa gen
padon pou yo. 32 Moun ki pale mal sou Moun Bondye
voye nan lachè a, y'a padonnen l'. Men, moun ki pale mal
sou Sentespri a, li p'ap jwenn padon ni koulye a, ni nan
tan k'ap vini apre sa a. (aiōn g165) 33 Si pyebwa a bon, l'ap
bay bon donn. Si pyebwa a pa bon, li p'ap bay bon donn.
Yo rekonèt kalite yon pyebwa sou donn li bay. 34 Bann
vèmen! nou twò mechan. Bon pawòl pa ka soti nan bouch
nou. Sa ki nan kè yon moun, se sa ki soti nan bouch li. 35
Yon nonm ki bon, se bon bagay ase li ka rale soti nan tou
sa li genyen ki bon yo. Konsa tou, yon nonm ki mechan,
se move bagay ase li ka rale soti nan tou sa li genyen ki
move yo. 36 M'ap di nou sa: Jou jijman an, moun gen pou
rann kont pou tout pawòl yo di yo pa t' bezwen di. 37
Paske, se dapre pawòl ou y'a jije ou: Se pawòl ou k'ap
di si ou inonsan, osinon si ou koupab. 38 Lè sa a, kèk
dirèktè lalwa ansanm ak kèk farizyen pran lapawòl. Yo di
Jezi: Mèt, nou ta renmen wè ou fè yon mirak pou moutre
se Bondye ki ba ou pouvwa sa a. 39 Jezi reponn yo:
Moun alèkile yo, atout yo mechan, atout yo vire do bay
Bondye, men y'ap mande mirak! Men, yo p'ap jwenn lòt
mirak pase mirak pwofèt Jonas la. 40 Menm jan Jonas te
pase twa jou twa nwit nan vant gwo pwason an, konsa
tou Moun Bondye voye nan lachè a gen pou pase twa jou
twa nwit anba tè. 41 Jou jijman an, moun lavil Neniv yo va
leve kanpe, y'a fè kondannen moun alèkile yo. Paske yo
menm, yo te tounen vin jwenn Bondye lè Jonas te fè yo
konnen mesaj li a. Men, isit la gen bagay ki pi konsekan
pase Jonas. 42 Jou jijman an, larenn peyi ki nan sid la va
leve kanpe, la fè yo kondannen moun alèkile yo. Paske, li
te soti byen lwen, jouk nan dènye bout latè, pou l' te vin
tande bèl pawòl bon konprann Salomon yo. Men, isit la
gen bagay ki pi konsekan pase Salomon. 43 Lè yon move
lespri soti sou yon moun, li al pwonmennen toupatou nan
savann yo, l'ap chache yon kote pou l' pran repo. Men, li
pa jwenn. 44 Lè sa a, li di nan kè l': M'ap tounen lakay
mwen, kote m' soti a. Lè l' rive, li jwenn nonm lan tankou

yon kay ki vid, men byen bale, byen ranje. **45** Lè konsa,
li ale, li pran sèt lòt lespri ki pi move pase l', lespri yo
vin ansanm avè l', yo antre nan kay la, yo rete. Lè sa a,
kondisyon moun lan vin pi mal pase jan l' te ye anvan
an. Enben, se sa ki pral rive move moun k'ap viv alèkile
yo. **46** Jezi t'ap pale ak foul moun yo toujou lè manman
l' ak frè l' yo vin rive. Yo rete deyò, yo t'ap chache yon
jan pou yo te pale avè l'. **47** Se konsa yon moun di Jezi:
Men manman ou ak frè ou yo deyò a. Yo ta renmen pale
avè ou. **48** Men Jezi reponn moun ki te di l' sa a: Kilès ki
manman m'? Kilès ki frè m'? **49** Lè sa a, li lonje men l' sou
disip li yo, li di: Gade non: men manman m' ak frè m' yo.
50 Tout moun ki fè sa Papa m' ki nan syèl la mande pou
yo fè, se moun sa yo ki frè m', ki sè m', ki manman m'.

13 Menm jou sa a, Jezi soti nan kay la, li al chita bò
lanmè a. **2** Te sitèlman gen moun sanble tout bò
kote Jezi, li moute nan yon kannòt, li chita. Tout foul moun
yo menm te rete kanpe sou rivaj la. **3** Li t'ap rakonte yo
kèk parabòl pou l' te fè yo konprann anpil bagay. Li t'ap di
yo konsa: Ala, yon moun soti pou l' ale simen grenn nan
jaden l'. **4** Antan l'ap simen grenn yo, kèk grenn tonbe bò
chemen an: zwazo vini, yo manje yo. **5** Yon pati grenn
tonbe nan mitan wòch, kote ki pa t' gen anpil tè. Grenn sa
yo leve byen vit, paske yo pa t' antre fon anba tè a. **6**
Men, lè solèy la chofe, li boule ti plant yo, yo cheche,
paske rasen yo pa t' fon. **7** Yon lòt pati tonbe nan mitan
pikan. Pikan yo grandi, yo toufe bon ti plant yo. **8** Men,
yon lòt pati ankò tonbe nan bon tè; yo donnen. Genyen
ki bay san grenn, lòt bay swasant, lòt bay trant. **9** Apre
sa, Jezi di yo: Si nou gen zòrèy pou n' tande, tande. **10**
Disip yo pwoche bò kot Jezi, yo mande li: Poukisa ou pale
an parabòl ak moun yo? **11** Jezi reponn yo: Nou menm,
Bondye fè nou favè sa a pou nou konnen sekrè Peyi Wa
ki nan syèl la. Men yo menm, yo pa resevwa favè sa a.
12 Paske, moun ki genyen deja a, y'a ba li ankò. Konsa, la
gen plis pase sa l' bezwen an. Men, moun ki pa gen anyen
an, y'a wete nan men l' nimm ti sa l' te genyen an. **13** Se
poutèt sa m'ap pale an parabòl ak moun sa yo. Paske, lè
y'ap gade yo pa wè, lè y'ap koute yo pa tande, ni yo pa
konprann. **14** Konsa, sa pwofèt Ezayi te di a rive vre pou
yo: n'a tande nan zòrèy nou, men, nou p'ap konprann. n'a
gade ak je nou, men, nou p'ap wè. **15** Paske, lespri pèp
sa a vin lou. Yo bouche zòrèy yo, yo fèmen je yo, pou yo
pa wè ak je yo, pou yo pa tande nan zòrèy yo, pou yo pa
konprann ak lespri yo, pou yo pa tounen vin jwenn mwen
pou m' geri yo. Se Bondye ki pale konsa. **16** Men, pou
nou menm, benediksyon pou nou: paske nou wè ak je
nou, nou tande nan zòrèy nou. **17** Sa m'ap di nou la a, se
vre wi: Anpil pwofèt ak anpil moun ki mache dwat devan
Bondye te anvi wè sa n'ap wè la a, men yo pa t' wè li. Yo
te anvi tande sa n'ap tande la a, men yo pa t' tande li. **18**
Koulye a, koute. Men sa parabòl moun ki t'ap simen an
vle di. **19** Moun ki tande pawòl ki pale sou Peyi Wa a men
ki pa konprann li, yo sanble ak tè bò chemen an, kote kèk
grenn te tonbe: Satan vini, li rache pawòl ki te simen nan
kè yo a. **20** Gen lòt ki tankou tè ki gen anpil wòch la. Lè
yo fèk tande pawòl la, yo resevwa l' ak kè kontan. **21**
Men, yo pa kite l' pouse rasen nan kè yo. Yo pa kenbe l'
pou lontan. Lè yo tonbe anba tèt chaje ak pèsekisyon
akòz pawòl Bondye a, lamenm yo jwenn okazyon pou yo
tonbe nan peche. **22** Gen lòt ankò ki resevwa pawòl la
tankou grenn ki tonbe nan mitan pikan. Yo tande pawòl la,
men traka lavi ak anvi gen lajan, tou sa toufe pawòl la,
kifè yo pa ka bay anyen menm. **(aiōn g165)** **23** Moun ki
resevwa pawòl la tankou grenn ki tonbe nan bon tè a,
se moun ki konprann pawòl la lè yo tande li. Lè sa a, yo
donnen. Gen ladan yo ki bay san, yon lòt bay swasant,
yon lòt bay trant. **24** Jezi ba yo yon lòt parabòl ankò. Li di
yo konsa: Peyi Wa ki nan syèl la, se tankou yon moun ki
te simen bon grenn nan jaden li. **25** Men, yon jou lannwit,
pandan tout moun t'ap dòmi, yon lènmi nonm lan vini, li
simen move zèb nan mitan mayi yo. Apre sa, li ale. **26** Lè
mayi yo fin pouse, yo pran jete zepi. Lè sa a, move zèb la
parèt tou. **27** Moun ki t'ap travay ak mèt jaden an vin di li:
Mèt, se pa bon grenn ase nou te simen nan jaden ou
lan? Kote move zèb sa yo soti? **28** Li reponn yo: Se yon
lènmi m' ki fè sa. Travayè yo mande li: Ou pa ta vle n' al
rache move zèb yo? **29** Li di yo: Non, poko fè sa. Paske,
antan n'ap rache move zèb yo, nou ka derasinen mayi a
avèk yo tou. **30** Kite yo grandi ansanm jouk lè rekòt la va
rive. Lè sa a, m'a di moun k'ap ranmase rekòt la: Rache
move zèb yo anvan. Mare yo fè pakèt pou n' al boule.
Mayi a menm, mete l' nan galata mwen. **31** Li ba yo yon
lòt parabòl ankò. Li di yo konsa: Peyi Wa ki nan syèl la,
se tankou yon ti grenn moutad yon nonm pran pou li al
simen nan jaden li. **32** Grenn moutad, se grenn ki pi piti
nan tout grenn ki genyen. Men, lè l' pouse, li pi gwo pase
tout plant menm kalite avèk li. Li vin yon gwo pyebwa.
Se konsa zwazo nan syèl la vin fè nich nan branch li yo.
33 Li di yo yon lòt parabòl ankò: Peyi Wa ki nan syèl la,
se tankou ledven yon fanm pran, li mete nan senk mezi
farin pou fè tout pa t' la leve. **34** Se avèk parabòl konsa
Jezi t'ap moutre foul moun yo tout bagay sa yo. Li pa t'
louvri bouch li pou l' pa t' rakonte yo yon parabòl. **35** Sa te
pase konsa pou pawòl pwofèt la te di a te ka rive vre: Se
an parabòl m'ap pale ak yo. m'a fè yo konnen bagay ki
te kache depi anvan Bondye te kreye latè. **36** Apre sa,
Jezi kite foul moun yo dèyè, li antre nan kay la. Disip li
yo pwoche bò kote l', yo di l' konsa: Esplike nou parabòl
move zèb nan jaden an. **37** Li reponn yo: Moun ki simen
bon grenn lan, se Moun Bondye voye nan lachè a. **38**
Jaden an se latè. Bon grenn yo, se moun ki fè pati Peyi
Wa a. Move zèb yo, se moun ki patizan Satan. **39** Lènmi
ki simen move zèb yo, se Satan. Sezon rekòt la, se lè tout
bagay va fini nèt la. Moun k'ap ranmase rekòt la, se zanj
Bondye yo. **(aiōn g165)** **40** Menm jan yo te rache move zèb
yo pou jete yo nan dife a, se konsa tou sa pral rive, lè tout
bagay va fini. **(aiōn g165)** **41** Moun Bondye voye nan lachè
a va voye zanj li yo pou yo wete tout moun k'ap fè lòt
moun fè peche, ansanm ak moun k'ap fè sa ki mal. y'a

mete yo deyò nan Peyi kote l' Wa a. **42** Zanj yo va jete yo
nan gwo founo k'ap boule a. Se la va gen rèl, se la moun
va manje dan yo. **43** Men, lè sa a, moun ki te mache dwat
devan Bondye yo va klere tankou solèy nan peyi Papa yo
ki Wa a. Si nou gen zòrèy pou n' tande, tande. Parabòl ja
lajan an **44** Peyi Wa ki nan syèl la, se tankou yon ja lajan
ki te anba tè nan yon jaden. Yon nonm rive jwenn li, li
kouvri l' ankò. Li sitèlman kontan, li ale, li vann tou sa l'
genyen, li tounen vin achte jaden an. **45** Peyi Wa ki nan
syèl la, se tankou yon machann k'ap chache bèl grenn
pèl. **46** Lè li jwenn yon bèl grenn pèl ki chè anpil, li ale, li
vann tou sa l' genyen pou l' ka achte li. **47** Peyi Wa ki nan
syèl la, se tankou yon privye yo voye nan lanmè. Li pran
tout kalite pwason. **48** Lè li fin plen, pechè pwason yo rale
l' sou bò rivaj la. Yo chita, yo triye pwason yo: yo mete
bon pwason yo nan panyen, yo jete sa ki pa bon yo nan
lanmè ankò. **49** Se konsa sa pral rive tou lè tout bagay va
fini. Zanj Bondye yo va vini, y'ap mete mechan yo yon bò,
moun ki fè sa ki byen yo yon bò. **(aiōn g165)** **50** y'a jete
mechan yo nan gwo founo k'ap boule a. Se la va gen rèl,
se la moun va manje dan yo. **51** Jezi mande disip li yo:
Eske nou konprann tou sa? Yo reponn: Wi. **52** Lè sa a,
Jezi di yo: Se konsa, tout dirèktè lalwa ki tounen yon disip
nan Peyi Wa ki nan syèl la ap tankou yon mèt kay k'ap
rale met deyò bagay li fenk achte ak bagay li gen depi
lontan nan byen l' yo. **53** Lè Jezi fin di parabòl sa yo, li
kite kote l' te ye a. **54** li ale nan lavil kote l' te grandi a. Li
t'ap moutre moun yo anpil bagay nan sinagòg la. Tout
moun ki t'ap koute l' te sezi anpil. Yo t'ap di konsa: Ki bò li
pran konesans sa a! Kouman li fè fè tout mirak sa yo? **55**
Se pa pitit bòs chapant lan? Se pa Mari ki manman li? Se
pa frè Jak, Jozèf, Simon ak Jid li ye? **56** Apa tout sè l' yo
la avèk nou. Kote l' jwenn tout bagay sa yo? **57** Se sak fè
yo te jwenn nan li okazyon tonbe nan peche. Lè sa a, Jezi
di yo: Yon pwofèt jwenn respè toupatou, esepte nan peyi l'
ak nan fanmi li. **58** Se konsa Jezi pa t' fè anpil mirak la,
paske yo pa t' kwè nan li.

14 Lè sa a, Ewòd ki t'ap gouvènen nan peyi Galile
tande pale sou Jezi. **2** Li di moun ki t'ap travay avè
l' yo: Se Jan Batis wi! Se li ki leve vivan nan lanmò. Se
poutèt sa li ka fè tout mirak sa yo. **3** Se Ewòd menm ki te
fè arete Jan Batis. Li te fè mare l' mete nan prizon poutèt
Ewodyad, madanm Filip, frè li. **4** Paske Jan te di Ewòd
konsa: Ou pa gen dwa pran Ewodyad pou madanm ou. **5**
Ewòd te vle touye l', men li te pè jwif yo, paske yo tout te
pran Jan Batis pou yon pwofèt. **6** Men, jou fèt Ewòd la,
pitit fi Ewodyad la t'ap danse devan tout envite yo. Sa te
fè Ewòd plezi anpil. **7** Lè sa a, Ewòd sèmante l'ap ba li
nenpòt kisa li ta mande li. **8** Pitit fi Ewodyad la menm
koute konsèy manman l' te ba li, li di Ewòd: Fè pote tèt
Jan Batis ban mwen koulye a sou yon plato. **9** Kè wa a
kase. Men, akòz gwo sèman li te fè devan tout envite yo,
li bay lòd pou yo bay fi a sa l' te mande a. **10** Se konsa,
Ewòd voye koupe tèt Jan Batis nan prizon an. **11** Yo pote
tèt la vini sou yon plato, yo renmèt fi a li. Fi a menm pote
l' bay manman li. **12** Patizan Jan Batis yo vin pran kò a,
yo antere li. Apre sa, y al di Jezi sa ki te pase. **13** Lè Jezi
pran nouvèl sa a, li pati nan yon kannòt. Li te vle al yon
kote ki pa gen moun pou l' te ka pou kont li. Men, moun yo
vin konn sa. Yo kouri soti nan tout lavil yo, yo pran mache
sou rivaj la ap swiv li. **14** Lè Jezi desann soti nan kannòt
la, li wè tout foul moun yo. Kè l' fè l' mal pou yo, li pran
geri moun malad yo. **15** Lè solèy fin kouche, disip Jezi yo
pwoche bò kote l', yo di l' konsa: Li fin ta wi. Pa gen moun
ki rete bò isit la. Voye moun yo ale pou yo ka achte manje
nan bouk yo. **16** Jezi reponn yo: Yo pa bezwen ale. Ba
yo manje nou menm. **17** Men yo di li: Se senk pen ak
de pwason ase nou gen la a. **18** Jezi di yo: Pote yo ban
mwen. **19** Apre sa, li bay lòd fè moun yo chita sou zèb la.
Li pran senk pen yo ak de pwason yo, li leve je l' nan syèl
la, li di Bondye mèsi. Li kase pen yo, li bay disip yo. Disip
yo menm mache bay tout moun. **20** Tout moun manje
vant plen. Apre sa, disip yo plen douz panyen ak ti moso
ki te rete, yo pote ale. **21** Te gen senkmil (5,000) gason
konsa ki te jwenn manje pou yo manje, san konte fanm ak
timoun. **22** Touswit apre sa, Jezi fè disip li yo moute nan
kannòt la, li voye yo devan lòt bò lanmè a. Li menm, li te
rete dèyè pou l' te voye moun yo ale. **23** Lè li fin voye
yo ale, li moute pou kont li sou yon ti mòn pou l' lapriyè.
Solèy te fin kouche, li te la toujou pou kont li. **24** Kannòt
la menm te gen tan yon bon distans sou lanmè a. Men,
lanm yo t'ap bat li, paske van an te kontrè pou yo. **25**
Douvan jou, Jezi pran mache sou dlo a pou li al jwenn yo.
26 Lè disip yo wè l' ap mache sou dlo a, yo te pè anpil, yo
t'ap di: Se yon revenan. Yo pran rele tèlman yo te pè. **27**
Menm lè a, Jezi di yo: Pran tèt nou. Se mwen menm. Nou
pa bezwen pè. **28** Lè sa a, Pyè di li: Mèt, si se ou menm
vre, di m' vin jwenn ou sou dlo a. **29** Jezi di li: Vini non.
Pyè soti nan kannòt la, li kòmanse mache sou dlo a pou li
al jwenn Jezi. **30** Men, lè Pyè wè jan van an te fò, li pè. Lè
sa a, li kòmanse koule, li pran rele: Mèt, sove m' non! **31**
Menm lè a, Jezi lonje men l', li pran Pyè, li di li: Gade jan
ou manke konfyans. Poukisa ou pa te fin kenbe konfyans
ou nèt? **32** Yo tou de moute nan kannòt la, lamenm van
an kase. **33** Lè sa a, moun ki te nan kannòt la vin mete
ajenou devan Jezi, yo di: Ou se pitit Bondye a vre. **34** Lè
yo fin janbe lòt bò lanmè a, yo fè tè nan peyi Jenezarèt.
35 Moun peyi a rekonèt Jezi, yo voye nouvèl la nan tout
rejyon an. Yo mennen tout malad yo ba li. **36** Yo di Jezi:
Tanpri souple, kite malad yo manyen bò rad ou ase. Tout
moun malad ki te manyen rad li te geri.

15 Lè sa a, kèk farizyen ak dirèktè lalwa soti Jerizalèm,
yo vin bò kot Jezi. Yo di li: **2** Poukisa disip ou yo pa
swiv koutim granmoun lontan yo? Gade. Yo pa lave men
yo anvan yo manje. **3** Li reponn yo: Nou menm k'ap pale
a, poukisa n'ap plede dezobeyi kòmandman Bondye yo
pou nou swiv koutim pa nou yo? **4** Tande byen. Bondye di
nou konsa: Respekte papa ou ak manman ou. Li di ankò:
Si yon moun pale papa l' osinon manman l' mal, se pou

yo touye l'. 5 Men nou menm, nou di: Si yon moun di
papa l' osinon manman l': Sa m' ta gen pou m' ba ou a, m'
ofri l' bay Bondye, 6 moun sa a pa bezwen fè anyen pou
papa l' osinon pou manman l'. Se konsa, avèk koutim nou
yo, nou fè pawòl Bondye a pase pou anyen menm. 7
Bann ipokrit! Ezayi te gen rezon lè l' t'ap pale sou nou, jan
sa ekri a: 8 Se nan bouch pèp sa a respekte mwen. Men,
kè yo byen lwen mwen. 9 Se tan yo y'ap pèdi, lè y'ap fè
sèvis pou mwen. Paske, nan sa y'ap di, se pawòl lèzòm
y'ap moutre moun. 10 Apre sa, li rele foul moun yo, li di
yo: Koute byen sa m'ap di nou la a, manyè konprann sa:
11 Se pa bagay ki antre nan bouch yon moun ki ka mete
l' nan kondisyon pou l' pa ka sèvi Bondye. Men se sak
soti nan bouch li ki ka mete l' nan kondisyon sa a. 12
Lè sa a, disip li yo pwoche bò kote l', yo di l' konsa: Ou
konnen farizyen yo ofiske poutèt sa ou sot di la a. 13 Jezi
reponn yo: Si se pa Papa m' nan syèl la ki plante yon
plant, yo gen pou yo derasinen li. 14 Pa okipe yo! Se yon
bann avèg k'ap mennen avèg parèy yo. Si yon avèg ap
mennen yon lòt avèg, tou de gen pou tonbe nan menm
twou a. 15 Pyè pran lapawòl, li di Jezi konsa: Esplike nou
parabòl sa a non. 16 Jezi di: Nou menm tou, nou san
konprann toujou! 17 Nou pa konprann pawòl sa a: Tout
bagay ki antre nan bouch yon moun, sa pase nan vant li.
Apre sa, li soti deyò. 18 Men, bagay ki soti nan bouch yon
moun, se nan kè l' sa soti. Se bagay konsa ki mete yon
moun nan kondisyon pou l' pa ka sèvi Bondye. 19 Se nan
kè l' tout move lide soti, lide touye moun, lide fè adiltè ak
tout lòt bagay ki pa dakò ak volonte Bondye tankou lide
vòlò, lide fè manti sou moun, lide bay manti. 20 Se bagay
sa yo ki mete yon moun nan kondisyon pou l' pa ka sèvi
Bondye. Men, keksyon manje san lave men, jan yo di l'
la, sa pa ka mete yon moun nan kondisyon pou l' pa ka
sèvi Bondye. 21 Jezi kite kote l' te ye a, li ale nan zòn
lavil Tir ak lavil Sidon. 22 Se konsa, yon fanm, moun peyi
Kanaran ki t'ap viv nan zòn lan, vin jwenn li. Li pran rele:
Mèt, pitit wa David la, pitye pou mwen. Pitit fi m' lan gen
yon move lespri sou li k'ap fatige l' anpil. 23 Men, Jezi pa
okipe li menm. Disip li yo pwoche bò kote l', yo di l' konsa:
Fè l' ale non. Paske, l'ap mache dèyè nou, l'ap plede rele
nan zòrèy nou. 24 Jezi reponn: Se sèlman pou moun ki
pèdi nan ras Izrayèl la yo voye mwen. 25 Men, fanm lan
vini, li lage kò l' nan pye Jezi, li di li konsa: Mèt, fè kichòy
pou mwen non. 26 Jezi reponn li: Sa pa bon pou m' wete
pen nan bouch timoun yo pou m' jete l' bay chen. 27 Lè
sa a fanm lan di li: Se vre wi, Mèt. Men, chen manje ti
kal pen ki tonbe anba tab mèt li. 28 Lè sa a, Jezi di li:
Madanm. Ou gen konfyans anpil. Tout bagay ap pase pou
ou jan ou vle l' la. Menm lè a, pitit fi l' la geri. 29 Jezi kite
kote l' te ye a, li mache sou bò lanmè Galile a. Li moute
sou yon ti mòn, li chita la. 30 Yon bann moun vin jwenn li.
Yo mennen moun k'ap bwete, moun ki avèg, bèbè, enfim
ansanm ak anpil lòt moun malad ankò. Yo mete yo nan
pye Jezi. Jezi geri yo. 31 Foul moun yo te sezi anpil lè
yo wè sa: bèbè yo pale, enfim yo geri, moun k'ap bwete
yo mache dwat, avèg yo wè. Lè sa a, yo pran fè lwanj
Bondye pèp Izrayèl la. 32 Jezi rele disip li yo, li di: Kè m'
fè m' mal pou moun sa yo. Sa fè twa jou depi yo la avè
m', yo pa gen anyen pou yo manje ankò. Mwen pa vle
voye yo ale konsa san manje. Yo ka tonbe feblès nan
chemen an. 33 Disip yo mande li: Nan dezè sa a, ki bò
pou nou jwenn pen pou bay tout moun sa yo manje? 34
Jezi mande yo: Konbe pen nou gen konsa? Yo reponn li:
Nou gen sèt pen ak kèk ti pwason. 35 Lè sa a, Jezi fè foul
moun yo chita atè. 36 Li pran sèt pen yo ak pwason yo, li
di Bondye mèsi, li kase yo an moso, li renmèt yo bay disip
li yo. Disip yo menm mache bay tout moun. 37 Tout moun
te manje plen vant yo. Disip yo plen sèt panyen pote ale
ak moso ki te rete yo. 38 Te gen antou katmil (4.000)
gason ki te jwenn manje pou yo manje, san konte fanm ak
timoun. 39 Apre sa, Jezi voye foul moun yo ale, li menm li
moute nan kannòt la, li ale nan yon peyi yo rele Magadan.

16 Farizyen yo ak sadiseyen yo pwoche bò kot Jezi.
Yo te vle pran l' nan pèlen. Yo mande l' pou l' fè yon
mirak ki pou moutre se Bondye ki ba l' tout pouvwa sa a.
2 Jezi reponn yo: Lè solèy la pral kouche, nou di: Gade
jan syèl la wouj, tan an pral bèl. Nan granmaten nou di:
Jòdi a l'ap fè lapli. Gade jan syèl la kouvri, li tou wouj. 3
Nou konn ki sans pou nou bay bagay k'ap pase nan syèl
la. Poukisa, atò, nou pa konn ki sans pou nou bay bagay
k'ap pase sou latè koulye a? 4 Moun alèkile yo, atout yo
mechan, atout yo vire do bay Bondye, men y'ap mande
mirak! Men tou, yo p'ap jwenn lòt mirak pase mirak Jonas
la. Apre sa, li vire do l', li al fè wout li. 5 Lè disip yo janbe
lòt bò lanmè a, yo te bliye pote pen. 6 Lè sa a, Jezi di yo:
Fè atansyon, pran prekosyon nou avèk ledven farizyen yo
ansanm ak ledven sadiseyen yo. 7 Disip yo yonn t'ap
di lòt: Se paske nou pa pote pen kifè l'ap di sa. 8 Jezi
vin konnen sa yo t'ap di konsa. Li mande yo: Poukisa
nou yonn ap di lòt se paske nou pa pote pen kifè m'ap di
sa? Ala nou manke konfyans nan Bondye! 9 Nou poko
ka konprann toujou! Se bliye nou gen tan bliye lè m' te
separe senk pen bay senkmil (5.000) moun lan? Nou pa
chonje konbe panyen nou te pote ale? 10 Se bliye nou
gen tan bliye lè m' te separe sèt pen bay katmil (4.000)
moun lan? Nou pa chonje konbe panyen nou te pote ale
apre sa? 11 Ki jan nou fè konprann se sou pen mwen t'ap
pale nou, lè mwen di nou: pran prekosyon nou ak ledven
farizyen yo ansanm ak ledven sadiseyen yo? 12 Se lè sa
a disip yo konprann li pa t' di yo pran prekosyon ak ledven
yo fè pen, men ak tout bagay farizyen yo ak sadiseyen
yo t'ap moutre moun. 13 Apre sa, Jezi ale nan rejyon ki
toupre lavil Sezare Filip la. Li mande disip li yo: Ki moun
yo di mwen ye, mwen menm, Moun Bondye voye nan
lachè a? 14 Yo reponn li: Gen moun ki di se Jan Batis
ou ye. Gen lòt ki di ou se Eli. Gen lòt ankò ki di ou se
Jeremi osinon yonn nan pwofèt yo. 15 Li di yo: Bon, nou
menm, ki moun nou di mwen ye? 16 Simon Pyè reponn:
Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an. 17 Lè sa a, Jezi di li:
Ou wè ou menm, Simon, pitit Jan an, ou se yon nonm

Bondye beni. Paske, se pa moun ki fè ou konn verite sa
a. Men, se Papa m' ki nan syèl la ki fè sa pou ou. **18**
Mwen menm, men sa m'ap di ou: Ou se yon wòch, Pyè.
Se sou wòch sa a m'ap bati legliz mwen. Ata lanmò p'ap
kapab fè l' anyen. **(Hadēs g86)** **19** M'ap ba ou kle Peyi Wa
ki nan syèl la. Tou sa ou va defann moun fè sou latè, yo
p'ap kapab fè l' nan syèl la non plis. Tou sa ou va pèmèt
moun fè sou latè, y'a kapab fè l' nan syèl la tou. **20** Apre
sa, li bay disip li yo lòd pou yo pa di pesonn se Kris la
li ye. **21** Depi lè sa a, Jezi kòmanse pale aklè ak disip
li yo, li di: Fòk mwen moute lavil Jerizalèm. Fòk mwen
soufri anpil nan men chèf fanmi yo, nan men chèf prèt yo,
nan men dirèktè lalwa yo. Y'ap fè yo touye mwen. Men,
sou twa jou, mwen gen pou m' leve soti vivan nan lanmò.
22 Lè sa a, Pyè rele Jezi sou kote, li di l' konsa: Mande
Bondye padon, Mèt! Sa p'ap rive ou. **23** Men, Jezi vire tèt
li, li di Pyè konsa: Wete kò ou sou mwen, Satan. W'ap
chache fè m' tonbe. Lide ou pa sou sa Bondye vle, men
sou sa lèzòm ta vle. **24** Apre sa, Jezi di disip li yo: Si yon
moun vle mache dèyè m', se pou li bliye tèt li. Se pou l'
chaje kwa l' sou zepòl li, epi swiv mwen. **25** Paske, moun
ki ta vle sove lavi l' va pèdi li. Men, moun ki va pèdi lavi l'
poutèt mwen, li va jwenn li ankò. **26** Kisa sa ta sèvi yon
moun pou l' ta genyen lemonn antye si l' pèdi lavi li? Kisa
yon moun kapab bay pou l' gen lavi? **27** Konprann sa
byen, Moun Bondye voye nan lachè a gen pou l' tounen
ak zanj li yo, nan tout bèl pouvwa Papa l' la. Lè sa a, li va
bay chak moun sa yo merite dapre sa yo fè. **28** Sa m'ap
di nou la a, se vre wi: Nan moun ki la koulye a, gen ladan
yo ki p'ap gen tan mouri san yo pa wè Moun Bondye voye
nan lachè a tounen tankou yon wa k'ap gouvènen.

17 Sis jou apre sa, Jezi pran Pyè, Jak ak Jan, frè Jak
la, li mennen yo pou kont yo sou tèt yon mòn byen
wo. **2** Antan Jezi te la, li pran chanje devan yo. Figi l' vin
klere tankou solèy la. Rad li vin blan tankou yon limyè. **3**
Twa disip yo wè Moyiz ak Eli parèt, yo t'ap pale ak Jezi. **4**
Lè sa a, Pyè pran lapawòl, li di Jezi konsa: Met, sa bon
nèt pou nou isit la. Si ou vle, m'ap moute twa ti kay, yonn
pou ou, yonn pou Moyiz ak yonn pou Eli. **5** Antan Pyè t'ap
pale toujou, yon nwaj byen klere vin kouvri yo. Yo tande
yon vwa soti nan nwaj la, li di: Sa se pitit mwen renmen
anpil la. Li fè kè m' kontan anpil. Koute li. **6** Lè disip yo
tande vwa a yo tonbe fas atè tèlman yo te pè. **7** Men, Jezi
pwoche bò kote yo, li manyen yo, li di: Leve non, nou pa
bezwen pè. **8** Yo leve je yo, yo wè Jezi te pou kont li. **9**
Antan yo t'ap desann mòn lan, Jezi ba yo lòd sa a: Pa
pale ak pesonn sou sa nou sot wè a, jouk mwen menm,
Moun Bondye voye nan lachè a, m'a leve soti vivan nan
lanmò. **10** Twa disip yo poze l' keksyon sa a: Poukisa
dirèktè lalwa yo di se pou Eli vin anvan? **11** Jezi reponn
yo: Se vre. Eli gen pou l' vin anvan, pou l' mete tout bagay
nan lòd. **12** Men, m'ap di nou sa: Eli vin deja. Men, yo pa
t' rekonèt li, yo fè l' tou sa yo te vle. Se onsa tou, yo gen
pou yo maltrete Moun Bondye voye nan lachè a. **13** Lè sa
a, disip yo vin konprann li t'ap pale yo sou Jan Batis. **14**
Lè yo rive kote foul moun yo, yon nonm pwoche bò kot
Jezi, li lage kò l' ajenou devan l', li di: **15** Mèt, gen pitye
pou pitit gason m' lan. Li gen malkadi. Lè ou tande kriz
la pran l' konsa, anpil fwa li tonbe nan dife osinon nan
dlo. **16** Mwen mennen l' bay disip ou yo, men yo pa t'
kapab geri li. **17** Jezi reponn: Ala moun san konfyans nan
Bondye! Ala move moun! Jouk kilè pou m' rete nan mitan
nou? Jouk kilè pou m' sipòte nou? Mennen ti gason an isit
ban mwen. **18** Jezi pale sevè ak move lespri a. Lespri a
soti. Menm lè a, ti nonm lan geri. **19** Apre sa, disip yo
pwoche bò kot Jezi, yo mande l' apa: Poukisa nou pa t'
kapab chase move lespri sa a? **20** Jezi di yo: Se paske
nou manke konfyans nan Bondye. Sa m'ap di nou la a, se
vre wi: si nou te gen konfyans nan Bondye gwosè yon ti
grenn moutad, nou ta di ti mòn sa a: wete kò ou la, al
laba, li ta chanje plas. Pa gen anyen nou pa ta kapab fè.
21 Men, kalite lespri sa yo, se fòs lapriyè ak jèn ki pou fè
yo soti. **22** Yon jou, antan tout disip yo te la ansanm nan
peyi Galile, Jezi di yo: Mwen menm, Moun Bondye voye
nan lachè a, mwen gen pou m' tonbe anba men lèzòm.
23 Yo pral touye m', men sou twa jou, m'ap leve soti vivan
nan lanmò. Sa te fè disip yo lapenn anpil. **24** Lè Jezi rive
Kapènawòm ak disip li yo, moun ki t'ap ranmase lajan
taks pou tanp lan pwoche bò kot Pyè, yo mande li: Eske
mèt ou a peye lajan taks pou tanp lan? **25** Pyè di: Li peye
wi. Antan Pyè ap antre nan kay la, anvan li louvri bouch li,
Jezi di l': Sa ou konprann nan sa, Simon? Ki moun ki gen
pou peye dwa ak taks bay leta? Sitwayen peyi a, osinon
etranje? **26** Pyè reponn li: Etranje yo. Lè sa a, Jezi di
li: Si se konsa, sitwayen yo egzan. **27** Men, nou pa vle
bay move egzanp: Ale bò lanmè a, voye yon zen nan dlo
a. Rale premye pwason ki va mòde ladan l' lan. Louvri
bouch li, wa jwenn yon pyès lajan, mezi pou peye taks pa
m' ak taks pa ou. Pran l', al peye pou nou de.

18 Lè sa a, disip yo pwoche bò kote Jezi, yo mande
li: Ki moun ki pi grannèg nan Peyi Wa ki nan syèl
la? **2** Jezi rele yon timoun, li mete l' nan mitan yo. **3** Li
di: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Si nou pa chanje, si
nou pa tounen tankou yon timoun piti, nou p'ap janm ka
mete pye nou nan Peyi Wa ki nan syèl la. **4** Se poutèt
sa, moun ki va soumèt tèt li devan Bondye, ki va tounen
tankou timoun sa a, se li ki va pi grannèg nan Peyi Wa
ki nan syèl la. **5** Nenpòt moun ki resevwa yon timoun
tankou timoun sa a, se mwen menm li resevwa. **6** Kanta
moun ki fè yonn nan timoun sa yo ki kwè nan mwen tonbe
nan peche, li ta pi bon pou li si yo ta mare yon gwo wòl
moulen nan kou l' voye l' jete nan fon lanmè. **7** Ala yon
lapenn pou lèzòm! Pa manke bagay ki pou fè yo tonbe
nan peche! Wi! se vre, bagay sa yo ap toujou la. Men,
malè pou moun ki lakòz bagay sa yo rive! **8** Si se men ou
osinon pye ou ki pou ta fè ou tonbe nan peche, koupe l'
voye jete byen lwen ou. Pito ou antre nan lavi a ak yon
sèl men osinon ak yon sèl pye, pase pou ou rete ak de
men ou osinon ak de pye ou, epi pou yo jete ou nan dife

ki p'ap janm fini an. **(aiōnios g166)** **9** Si se je ou ki pou ta
fè ou tonbe nan peche, rache li voye jete byen lwen ou.
Pito ou antre nan lavi a ak yon sèl grenn je, pase pou ou
rete ak tou de je ou epi pou yo jete ou nan dife lanfè a.
(Geenna g1067) **10** Atansyon: Piga nou meprize yon sèl
nan ti piti sa yo. Paske m'ap di nou sa: zanj gadyen yo ki
nan syèl la, se tout tan yo la devan Papa m' ki nan syèl
la. **11** Paske, Moun Bondye voye nan lachè a vin delivre
sa ki te pèdi. **12** Sa nou konprann nan sa? Si yon nonm
gen san mouton, epi li rete konsa li pa wè yonn ladan
yo, èske li p'ap kite katrevendiznèf lòt yo sou mòn lan,
pou li ale chache mouton ki pèdi a? **13** Si l' rive jwenn li
menm, se vre wi, sa m'ap di nou la a, l'ap pi kontan pou
mouton sa a pase pou katrevendiznèf lòt yo ki pa t' pèdi.
14 Konsa tou, Papa nou ki nan syèl la pa ta renmen wè
yon sèl nan ti piti sa yo rive pèdi. **15** Si frè ou fè ou yon
bagay ki mal, ale jwenn li, rele l' apa. Fè l' wè sa li fè
a mal. Si li koute ou, se mete wa mete frè ou ankò sou
bon chemen. **16** Men, si li pa vle koute ou, pran yonn
osinon de lòt moun avè ou. Konsa, tout bagay va regle
sou depozisyon de osinon twa temwen. **17** Si l' refize
koute yo tou, lè sa a wa di legliz la sa. Si l' refize koute
legliz la, ou mèt gade l' tankou yon etranje pou ou, tankou
yon pèseptè kontribisyon. **18** Se vre wi, sa m'ap di nou la
a: Tou sa n'a defann moun fè sou latè, yo p'ap kapab fè l'
nan syèl la non plis. Tou sa n'a pèmèt moun fè sou latè,
y'a kapab fè l' nan syèl la tou. **19** Men sa m'ap di nou
ankò: Si de nan nou mete yo dakò sou latè pou mande
nenpòt ki bagay lè y'ap lapriyè, Papa m' ki nan syèl la va
ba yo li. **20** Paske, chak fwa de ou twa moun mete tèt yo
ansanm nan non mwen, m'ap la nan mitan yo. **21** Lè sa a,
Pyè pwoche bò kot Jezi, li di l' konsa: Mèt, konbe fwa
pou m' padonnen frè m' lè li fè m' yon bagay mal? Sèt
fwa konsa? **22** Jezi reponn li: Non, Pyè. Mwen pa di ou
padonnen l' sèt fwa, men padonnen l' swasanndis fwa sèt
fwa. **23** Men ki jan sa ap pase nan Peyi Wa ki nan syèl la:
Se tankou yon wa ki te vle fè regleman ak domestik li yo.
24 Li te fèk kòmanse fè regleman an lè yo mennen yonn
ba li ki te dwe l' senkantmil (50.000) goud. **25** Men, nonm
lan pa t' gen dekwa peye tout lajan sa a. Mèt la bay lòd
pou yo vann li tankou esklav, li menm, madanm li, pitit li
yo ansanm ak tou sa l' te genyen, pou peye dèt la. **26**
Domestik la tonbe ajenou devan mèt la, li di li: Mèt, tanpri
souple, pran yon ti pasyans pou mwen, m'a peye ou tout
lajan an. **27** Kè mèt domestik la fè l' mal, li kite lajan an la
pou li, li kite l' ale. **28** Lè domestik la soti, li kontre ak yon
kanmarad ki te dwe l' san (100) goud. Li kenbe l', li pran
trangle l', li di li: Peye m' sa ou dwe m' lan. **29** Kanmarad
la lage kò l' atè, li di lòt la: Tanpri, pran yon ti pasyans pou
mwen, m'a peye ou. **30** Men, lòt la pa tande. Li fè mete
kanmarad la nan prizon, pou jouk lè li fin peye sa li dwe
a. **31** Lè lòt domestik yo wè sak te rive, sa te fè yo mal
anpil. Y al rakonte mèt la sak te pase. **32** Lè sa a, mèt la
fè rele domestik la. Li di l' konsa: Gade jan ou mechan!
Mwen kite tout lajan sa a pou ou paske ou te mande m' fè
sa pou ou. **33** Ou te dwe gen pitye pou kanmarad ou a
menm jan mwen te gen pitye pou ou a. **34** Mèt la fè gwo
kòlè, li fè mete msye nan prizon pou yo bat li jouk lè li fin
peye tou sa l' te dwe a. **35** Se konsa Papa m' ki anwo nan
syèl la va aji ak nou, si nou pa padonnen frè nou yo ak
tout kè nou.

19 Lè Jezi fin di pawòl sa yo, li kite peyi Galile a, li ale
nan zòn peyi Jide ki lòt bò larivyè Jouden an. **2** Yon
gwo foul moun t'ap swiv li. Lè l' rive, li geri malad yo. **3**
Kèk farizyen pwoche bò kot Jezi pou yo wè si yo te ka
pran l' nan pèlen. Yo mande li: Eske lalwa nou pèmèt yon
nonm kite ak madanm li pou nenpòt ki kòz? **4** Jezi reponn
yo: Eske nou pa li sa ki ekri nan Liv la? Nan konmansman,
lè Bondye t'ap fè moun, li te fè yo gason ak fi. **5** Apre sa li
di: Se poutèt sa, gason an va kite papa l' ak manman l'
pou l' mete tèt li ansanm ak madanm li. Yo tou de va fè
yon sèl kò. **6** Konsa, yo pa de ankò, men yo fè yon sèl
kò. Se poutèt sa, pesonn moun pa gen dwa separe sa
Bondye mete ansanm. **7** Farizyen yo di li: Bon, poukisa
Moyiz te bay lòd pou yon nonm ekri yon papye divòs voye
bay madanm li, anvan pou l' kite avè li? **8** Jezi reponn yo:
Se paske nou gen tèt di kifè Moyiz te ban nou dwa kite ak
madanm nou. Men, nan konmansman se pa t' konsa. **9**
Mwen menm, men sa m'ap di nou: Lè yon nonm kite ak
madanm li pou l' al marye ak yon lòt, li fè adiltè, esepte si
se pou lenkondite li ta kite ake madanm lan. **10** Disip li yo
di li: Si se konsa bagay la ye pou yon nonm ak madanm
li, pito yon nonm pa marye. **11** Jezi reponn yo: Se pa tout
moun ki asepte pawòl sa a. Se sèlman moun Bondye
bay pouvwa pou sa. **12** Paske, gen anpil rezon ki ka
enpoze yon nonm marye. Genyen ki fèt tou konsa: yo pa
ka marye. Gen lòt, se moun ki mete yo nan eta sa a pou
yo pa ka marye. Gen lòt ankò ki pa marye poutèt Peyi Wa
ki nan syèl la. Si yon moun ka asepte pawòl sa a, se pou
l' asepte li. **13** Lè sa a, yo mennen kèk timoun piti bay
Jezi pou l' te mete men l' sou tèt yo, pou l' te lapriyè pou
yo. Men, disip yo t'ap di moun yo pa fè sa. **14** Jezi di yo:
Kite timoun yo vin jwenn mwen non. Pa enpoze yo vini.
Paske, Peyi Wa ki nan syèl la, se pou tout moun ki tankou
timoun sa yo li ye. **15** Li mete men l' sou tèt yo. Apre sa, li
pati, li kite kote l' te ye a. **16** Yon nonm pwoche bò kot
Jezi, li di l' konsa: Mèt, ki bon bagay mwen dwe fè pou
m' ka resevwa lavi ki p'ap janm fini an? **(aiōnios g166)** **17**
Jezi reponn li: Poukisa w'ap poze m' keksyon sou sa ki
bon? Se yon sèl ki bon. Si ou vle antre nan lavi a, se
pou ou fè sa kòmandman yo mande. Nonm lan mande li:
Kilès kòmandman sa yo? **18** Jezi reponn li: Piga ou touye
moun. Piga ou fè adiltè. Piga ou vòlò. Piga ou bay manti.
19 Respekte papa ou ak manman ou. Se pou ou renmen
frè parèy ou tankou ou renmen tèt pa ou. **20** Jennonm lan
di li: Mwen swiv tout bagay sa yo. Kisa pou m' fè ankò?
21 Jezi di li: Si ou vle bon nèt san manke anyen, ale vann
tou sa ou genyen, separe lajan an bay pòv. Lè sa a, wa
gen yon richès nan syèl la. Apre sa, vin swiv mwen. **22** Lè
jennonm lan tande pawòl sa yo, li vin kagou, li vire do l', li

ale paske li te gen anpil byen. 23 Lè sa a, Jezi di disip li
yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi. Sa ap difisil nèt pou
yon nonm rich antre nan Peyi Wa ki nan syèl la. 24 M'ap
di nou sa ankò: L'ap pi fasil pou gwo bèt yo rele chamo a
pase nan je yon zegwi pase pou yon nonm rich antre nan
Peyi Wa ki nan syèl la. 25 Lè disip yo tande sa, yo pa t'
manke sezi, yo di: Nan kondisyon sa a, ki moun ki ka
sove? 26 Jezi gade yo, li di: Moun pa ka fè sa, se vre.
Men, pa gen anyen Bondye pa kapab fè. 27 Lè sa a, Pyè
di li: Men, koute non. Nou kite tout bagay pou nou swiv
ou. Kisak pral rive nou? 28 Jezi reponn yo: Se vre wi, sa
m'ap di nou la a: Lè Moun Bondye voye nan lachè a va
chita sou fòtèy li ak tout bèl pouvwa li, lè tout bagay va
chanje nèt, nou menm k'ap swiv mwen, n'a chita sou douz
fòtèy tou, pou nou ka jije douz branch ras Izrayèl la. 29
Nenpòt moun ki va kite kay li, osinon frè l', osinon sè l',
osinon papa l', osinon manman l', osinon pitit li, osinon
jaden l', poutèt mwen, moun sa a gen pou l' resevwa san
(100) fwa plis pase sa, ansanm ak lavi ki p'ap janm fini
an. (aiōnios g166) 30 Anpil nan moun ki devan yo va rete
dèyè. Anpil nan moun ki dèyè yo va pran devan.

20 Men ki jan sa ye nan Peyi Wa ki nan syèl la: Se
tankou yon mèt jaden rezen ki soti granmaten al
chache moun vin travay nan jaden rezen l' lan. 2 Li antann
ak yo pou l' ba yo sa yo peye pou yon jounen travay. Li
voye yo al travay nan jaden rezen an. 3 Li soti ankò vè
nevè nan maten, li wè kèk lòt moun ki te kanpe sou plas
la san yo p'ap fè anyen. 4 Li di yo: Nou menm tou, nou
mèt al travay nan jaden rezen m' lan, m'a peye nou pou
sa n'a fè. 5 Epi y al travay nan jaden an. Apre sa, mèt
jaden an soti ankò vè midi, ak yon lòt fwa ankò vè twazè
nan apremidi, li fè menm bagay la. 6 Li te vè senkè nan
apremidi lè li soti ankò. Li jwenn kèk lòt moun ki te kanpe
la sou plas la, li di yo: Poukisa nou rete tout jounen an la
san fè anyen konsa? 7 Yo reponn li: Se paske pesonn
pa ban nou travay. Mèt la di yo: Enben, nou menm tou,
nou mèt al travay nan jaden rezen m' lan. 8 Lè solèy fin
kouche, mèt jaden an di jeran l' lan: Rele travayè yo, peye
yo lajan yo. Kòmanse ak sa ki te vin an dènye yo pou fini
ak premye yo. 9 Mesye ki te antre nan travay vè senkè
nan apremidi yo vini, yo chak yo resevwa lajan yon jounen
travay. 10 Lè mesye ki te la depi granmaten yo vin rive,
yo te kwè yo tapral resevwa plis. Men, yo chak resevwa
lajan yon jounen travay tou. 11 Lè yo resevwa lajan an, yo
tonbe bougonnen sou do mèt jaden an. 12 Yo di konsa:
Moun sa yo vin an dènye, yo travay yon sèl ti moman, epi
ou peye yo menm lajan ak nou ki fatige kò n' travay tout
jounen an anba chalè solèy la. 13 Mèt la reponn yonn nan
yo: Zanmi, mwen pa fè ou okenn lenjistis. Nou te antann
pou yon pri, pa vre? 14 Enben, pran lajan ou, al fè wout
ou. Se mwen menm ki vle bay moun ki vin an dènye yo
menm lajan avè ou. 15 Eske m' pa gen dwa fè sa m' vle
ak lajan mwen? Osinon, èske sa fè ou mal si m' gen bon
kè? 16 Apre sa, Jezi di yo ankò: Se konsa moun ki dèyè
yo va pran devan, moun ki devan yo va rete dèyè nèt. 17
Apre sa, Jezi t'ap moute Jerizalèm. Antan li t'ap mache
sou wout la, li pran douz disip li yo apa, li di yo: 18 Tande.
Men n'ap moute Jerizalèm kote yo pral lage m', mwen
menm Moun Bondye voye nan lachè a, nan men chèf prèt
yo ansanm ak dirèktè lalwa yo. Yo pral kondannen m'
amò, 19 y'ap lage m' bay moun lòt nasyon yo. Etranje sa
yo pral pase m' nan rizib, yo pral bat mwen ak kout fwèt,
apre sa yo pral kloure m' sou yon kwa. Men, sou twa jou,
m'a leve soti vivan nan lanmò. 20 Lè sa a, manman pitit
Zebede yo pwoche bò kote Jezi ak pitit li yo. Li bese tèt li
byen ba devan Jezi pou mande l' yon favè. 21 Jezi di li:
Kisa ou vle? Madanm lan reponn: Men de pitit mwen yo.
Bay lòd pou yo chita, yonn sou bò dwat ou, lòt la sou bò
gòch ou, lè ou va wa. 22 Jezi reponn li? Nou pa konnen
sa n'ap mande la a. Eske nou kapab bwè nan menm gode
doulè mwen gen pou m' bwè a? Yo di li: Nou kapab. 23
Jezi reponn yo: Se vre. n'a bwè nan gode m' lan. Men,
kanta pou chita sou bò dwat osinon sou bò gòch mwen
an, se pa mwen ki bay sa. Plas sa yo, Papa m' rezève yo
pou moun li vle. 24 Lè dis lòt disip yo tande sa, yo pa t'
manke fache sou de frè yo. 25 Jezi rele yo, li di yo: Nou
konnen ki jan chèf nasyon yo trete pèp la tankou esklav.
Grannèg yo renmen fè moun santi jan yo gen pouvwa. 26
Men, se pa konsa pou sa fèt nan mitan nou. Okontrè, si
yonn nan nou ta vle vin grannèg, se pou l' sèvi nou tout.
27 Si yonn nan nou ta vle chèf, se pou l' esklav nou tout.
28 Se konsa, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè
a, mwen pa vini pou moun rann mwen sèvis, men mwen
vini pou m' rann moun sèvis. Wi, mwen vin bay lavi m'
pou peye delivrans anpil moun. 29 Antan yo t'ap soti lavil
Jeriko, yon gwo foul moun pran swiv Jezi. 30 Te gen de
avèg chita bò chemen an. Yo annik tande se Jezi ki t'ap
pase, yo pran rele: Mèt, pitit David la, pitye pou nou. 31
Moun yo t'ap kouri dèyè yo pou fè yo pe bouch yo. Men,
yo t'ap rele pi rèd: Mèt, pitit David la, gen pitye pou nou!
32 Jezi rete, li rele avèg yo, li mande yo: Kisa nou vle m'
fè pou nou? 33 Yo di li: Mèt, fè nou wè nan je nou ankò.
34 Kè Jezi fè l' mal pou yo, li manyen je yo. Menm lè a de
mesye yo wè, epi yo swiv Jezi.

21 Yo t'ap pwoche bò lavil Jerizalèm, yo te gen tan rive
nan bouk Betfaje, toupre mòn Oliv la. Lè sa a, Jezi
voye de nan disip li yo, 2 li di yo: Ale nan bouk ki devan
nou an. Kou n'a rive, n'a jwenn yon manman bourik mare,
ak yon jenn ti bourik avèk li. Lage yo, mennen yo ban
mwen. 3 Si yon moun di nou kichòy, n'a reponn: Se Mèt
la ki bezwen yo. Menm lè a, la kite nou ale ak yo. 4 Sa te
rive konsa pou pawòl pwofèt la te di a te ka rive vre: 5
Ale di moun lavil Siyon yo: Gade, men wa nou an ap vin
jwenn nou. Li san lògèy, li moute yon bourik, yon ti bourik
dèyè manman. 6 Disip yo ale, yo fè tou sa Jezi te bay yo
lòd fè a. 7 Yo mennen manman bourik la ak jenn ti bourik
la, yo mete rad yo sou bèt yo, epi Jezi moute chita. 8 Yon
foul moun te tann rad yo atè sou tout chemen an. Gen
lòt menm ki te koupe branch bwa, yo mete yo atè nan
chemen an. 9 Ni foul moun ki t'ap mache devan Jezi a, ni

moun ki t'ap mache dèyè l' yo, yo tout t'ap rele: Lwanj pou
Pitit David la! Benediksyon pou Moun ki vini nan non Mèt
la. Lwanj pou Bondye jouk anwo nan syèl la! 10 Lè Jezi
antre lavil Jerizalèm, tout lavil la te tèt anba. Moun yo t'ap
mande: Ki moun nonm sa a ye menm? 11 Foul moun yo
menm t'ap reponn yo: Se pwofèt Jezi, moun Nazarèt nan
peyi Galile a. 12 Jezi antre nan tanp Bondye a, li chase
tout moun ki t'ap vann ak tout moun ki t'ap achte nan tanp
lan. Li chavire tab moun ki t'ap chanje lajan yo ansanm
ak chèz moun ki t'ap vann pijon yo. 13 Apre sa, li di yo;
Men sa ki ekri: y'a rele kay mwen an kay kote pou moun
vin lapriyè nan pye m'. Men nou menm, nou fè l' tounen
yon kachèt pou vòlè. 14 Kèk avèg ak kèk enfim nan pye
pwoche bò kote Jezi nan tanp lan. Li geri yo. 15 Men,
chèf prèt yo ak dirèktè lalwa yo te fache anpil lè yo wè bèl
bagay li t'ap fè, lè yo tande timoun yo ki t'ap rele nan tanp
lan: Lwanj pou Pitit David la! 16 Yo di Jezi konsa: Eske ou
pa tande sa y'ap di? Jezi reponn yo: M' tande wi. Eske
nou pa janm li pawòl sa a nan Liv la: Ou fè timoun piti ak
tibebe nan tete fè gwo lwanj pou ou? 17 Apre sa, li kite
yo, li soti lavil la, li ale Betani. Se la li pase nwit lan. 18
Nan denmen maten, antan yo t'ap tounen lavil Jerizalèm,
Jezi te grangou. 19 Li wè yon pye fig frans bò wout la, li
pwoche bò kote l'. Men se fèy ase li jwenn. Lè sa a, Jezi
di pye fig frans lan: Ou p'ap janm donnen ankò. Menm lè
a, pye fig frans lan cheche. (aiōn g165) 20 Lè disip yo wè
sa, yo pa t' manke sezi, yo di li: Kouman pye fig frans
lan fè vin chèch nan yon ti moman? 21 Jezi reponn yo:
Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Si nou te gen konfyans
nan Bondye, si nou pa t' gen doutans nan kè nou, se pa
sèlman sak rive pye fig frans lan nou ta fè. Men, nou ta ka
di mòn sa a: Wete kò ou la. Ale jete tèt ou nan lanmè.
Sa ta fèt vre. 22 Si nou gen konfyans nan Bondye, n'a
resevwa tou sa n'a mande l' lè n'ap lapriyè. 23 Jezi antre
nan tanp lan, li t'ap moutre moun yo anpil bagay. Chèf
prèt yo avèk chèf fanmi ki t'ap dirije pèp jwif la vin di li: Ki
dwa ou genyen pou w'ap fè tout bagay sa yo? Kilès ki ba
ou otorite sa a? 24 Jezi reponn yo: M'ap poze nou yon
keksyon mwen menm tou. Si nou reponn mwen, m'a di
nou ki dwa mwen genyen pou m' fè bagay sa yo. 25 Ki
moun ki te voye Jan batize moun? Bondye osinon moun?
Men, yonn t'ap di lòt konsa: Si nou reponn: Se Bondye ki
te voye l', la mande nou poukisa nou pa t' kwè l'. 26 Si
nou reponn: Se moun ki te voye l', afè nou p'ap bon ak
foul moun yo, paske yo tout te pran Jan Batis pou yon
bon pwofèt. 27 Apre sa, yo reponn Jezi: Nou pa konnen.
Jezi di yo: Enben, mwen menm tou, mwen p'ap di nou ki
dwa mwen genyen pou m' fè bagay sa yo. 28 Sa nou
konprann nan sa? Vwala se te yon nonm ki te gen de
pitit gason. Li pale ak pi gran an, li di l': Pitit mwen, jòdi a
al travay nan jaden rezen an. 29 Pitit la reponn li: Non,
mwen pa vle! Men, pita li chanje lide, li ale. 30 Apre sa,
papa a pale ak lòt pi piti a, li di l' menm bagay la. Pi piti
a reponn li: Wi, papa. Men, li pa janm mete pye li. 31
Kilès nan de pitit yo ki fè volonte papa a? Yo reponn li: Pi
gran an. Lè sa a, Jezi di yo: Sa m'ap di nou la a, se vre
wi: Pèseptè kontribisyon ak fanm movèz vi yo va antre
nan Peyi kote Bondye wa a anvan nou. 32 Paske, lè Jan
Batis te vin bò kote nou, lè li t'ap moutre nou jan pou nou
viv dwat devan Bondye a, nou pa t' kwè li. Men, pèseptè
kontribisyon ak fanm movèz vi yo te kwè li. Malgre nou
te wè sa, nou pa t' chanje lide nou pou n' te kwè nan li
tou. 33 Koute yon lòt paraboòl. Vwala se te yon nonm ki
te gen anpil tè. Li plante yon jaden rezen. Li fèmen l' ak
yon lantouraj, li fouye yon basen pou krase rezen yo. Li
bati yon kay pou moun k'ap veye jaden an. Apre sa, li
antann li avèk kèk moun pou okipe jaden an pou li, lèfini li
pati, li al nan vwayaj. 34 Lè sezon rekòt rezen an rive,
li voye domestik li yo chache rezen pa l' bò kote jeran
yo. 35 Jeran yo mete men sou domestik yo, yo bat yonn
byen bat, yo touye yon lòt, yo touye yon twazyèm ak kout
wòch. 36 Mèt jaden an voye lòt domestik ankò, pi plis
pase premye fwa a. Jeran yo maltrete yo menm jan an.
37 Apre sa, li voye pwòp pitit gason l' bò kote yo andènye.
Li t'ap di nan kè l': Omwens y'a gen respè pou pitit mwen
an. 38 Men, lè jeran yo wè pitit la, yonn di lòt: Men eritye
a. Vini non, ann touye li. Konsa, jaden an va vin pou nou.
39 Yo mete men sou li, yo jete l' lòt bò jaden an, yo touye
li. 40 Bon, lè mèt jaden rezen an vini, kisa li va fè jeran sa
yo? 41 Yo reponn li: Li p'ap gen pitye pou yo. La fè touye
malveyan sa yo, la pran jaden rezen an bay lòt jeran ki va
ba l' pòsyon pa l' nan rekòt la lè sezon an va rive. 42 Apre
sa, Jezi di yo: Eske nou pa janm li pawòl sa yo nan Liv
la? Wòch moun ki t'ap bati yo te voye jete a, se li menm ki
tounen wòch ki kenbe kay la. Sa se travay Mèt la. Se bèl
bagay pou nou wè sa. 43 Se poutèt sa mwen di nou: y'a
wete Peyi kote Bondye Wa a nan men nou, y'a pran l' bay
moun yon lòt nasyon ki va bay rannman pou Peyi Wa a.
44 Moun ki bite sou wòch sa a gen pou kase ren li. Men,
si se wòch la menm ki tonbe sou li, li gen pou l' kraze l'
an miyèt moso. 45 Lè chèf prèt yo ak farizyen yo tande
paraboòl sa yo, yo vin konprann se pou yo Jezi t'ap pale.
46 Lè sa a, yo t'ap chache yon jan pou mete men sou li.
Men, yo te pè foul moun yo ki te pran Jezi pou yon bon
pwofèt.

22 Antan Jezi t'ap pale ak moun yo, li pran rakonte
yo yon lòt paraboòl: 2 Nan Peyi Wa ki nan syèl la, se
tankou yon wa ki t'ap fete nòs pitit gason li. 3 Li voye
domestik li yo rele moun ki te envite nan nòs la. Men, yo
yonn pa t' vle vini. 4 Lè sa a, wa a voye lòt domestik, li di
yo: Ale di envite yo manje a pare koulye a. Mwen gen tan
fè touye towo bèf mwen yo ak lòt bèt gra mwen yo. Tout
bagay pare. vin nan nòs la. 5 Men, envite yo pa fè ka sa l'
voye di yo a, y al okipe zafè yo. Yonn ladan yo ale nan
jaden l', yon lòt ale nan trafik li. 6 Gen ladan yo ki pran
domestik yo, yo maltrete yo, yo touye yo. 7 Wa a fè yon
gwo kòlè, li voye sòlda l' yo touye ansasen yo. Apre sa, li
fè mete dife nan lavil yo a. 8 Lè sa a, li di domestik li
yo: Manje nòs la pare, men moun ki te envite yo pa t'

merite sa. **9** Ale sou granchemen, envite tout moun nou
jwenn pou yo vini nan nòs la. **10** Domestik yo ale nan tout
granchemen, yo sanble tout moun yo jwenn, ni move ni
bon. Konsa, kote yo t'ap fè nòs la te plen moun. **11** Wa a
vin antre pou wè envite yo. Je l' al tonbe sou yon nonm ki
pa t' abiye ak rad nòs la. **12** Wa a di li: Zanmi, kouman ou
fè antre isit la san ou pa mete rad nòs la sou ou? Nonm
lan pa di yon mo. **13** Wa a di domestik li yo: Mare de pye
l' ak de men l', voye l' jete deyò nan fènwa a. Se la la gen
pou l' kriye, pou l' manje dan li. **14** Paske, yo envite anpil
moun, men se de twa ase y'a chwazi. **15** Lè sa a, farizyen
yo ale, yo mete tèt yo ansanm pou wè ki jan yo ta ka pran
pawòl nan bouch Jezi pou akize li. **16** Yo voye disip pa
yo ansanm ak patizan Ewòd yo bò kot Jezi pou mande
li: Mèt, nou konnen ou se moun ki kare. W'ap moutre
chemen Bondye a jan l' ye a, ou pa pè pesonn. Paske, ou
pa gade sou figi moun. **17** Enben, kisa ou di nan sa: Eske
lalwa pèmèt nou peye Seza lajan kontribisyon an, wi ou
non? **18** Men, Jezi te konnen move lide yo te gen dèyè
tèt yo, li reponn: Poukisa n'ap chache pran m' nan pèlen
konsa, bann ipokrit? **19** Moutre m' pyès lajan nou sèvi
pou peye taks la. Yo moutre l' yon pyès lajan. **20** Jezi
mande yo: Pòtre ki moun avèk non ki moun ki sou li? **21**
Yo reponn li: Se pòtre Seza ak non Seza. Lè sa a li di yo:
Bay Seza sa ki pou Seza, bay Bondye sa ki pou Bondye.
22 Lè yo tande sa, yo pa t' manke sezi. Yo kite l', y al fè
wout yo. **23** Menm jou a, sadiseyen yo vin bò kot Jezi.
(Se sadiseyen yo ki di moun mouri pa leve). Yo poze Jezi
keksyon sa a: **24** Mèt, Moyiz te di si yon nonm mouri san
kite pitit, frè l' gen pou marye ak madanm defen an pou l'
ka fè pitit pou frè l' ki mouri a. **25** Se konsa, te gen sèt frè,
moun isit ansanm ak nou. Premye a marye, li mouri san l'
pa t' gen pitit. Li kite madanm li pou frè li. **26** Dezyèm lan
pase menm jan an tou. Twazyèm lan tou. Konsa, konsa,
jouk tout sèt frè yo fin pase. **27** Apre yo tout fin mouri,
fanm lan mouri li menm tou. **28** Lè mò yo va gen pou leve,
madanm kilès li pral ye la a? Paske, li te madanm yo tout.
29 Jezi reponn yo: Nou nan lerè wi. Nou pa konprann sa
ki ekri nan Liv la, ni nou pa konnen pouvwa Bondye. **30**
Lè mò yo va gen pou leve, fanm ak gason pa nan marye
ankò. Tout moun pral viv tankou zanj Bondye nan syèl la.
31 Pou keksyon mò yo k'ap leve vivan ankò, èske nou pa
li sa Bondye te di nou: **32** Mwen se Bondye Abraram,
Bondye Izarak, Bondye Jakòb? Bondye pa Bondye moun
mouri, li se Bondye moun vivan. **33** Tout moun ki t'ap
koute l' yo te sezi tande sa l' t'ap di yo. **34** Lè farizyen
yo tande jan Jezi te fèmen bouch sadiseyen yo, yo tout
sanble. Yo te vle pran Jezi nan pèlen. **35** Yonn ladan yo ki
te dirèktè lalwa mande li: **36** Mèt, ki kòmandman ki pi
konsekan nan tout lalwa a? **37** Jezi reponn li: Se pou ou
renmen Mèt la, Bondye, ou ak tout kè ou, ak tout nanm
ou, ak tout lide ou. **38** Se kòmandman sa a ki pi gwo, ki pi
konsekan. **39** Men dezyèm kòmandman an ki gen menm
enpòtans ak premye a: se pou ou renmen frè parèy ou
tankou ou renmen pwòp tèt pa ou. **40** De kòmandman
sa yo, se yo ki fondasyon tou sa ki nan lalwa Moyiz la
ak tou sa pwofèt yo te moutre. **41** Antan farizyen yo te
sanble, Jezi poze yo keksyon sa a: **42** Dapre nou, kisa
Kris la ye? Pitit kilès li ye? Yo reponn li: Li se pitit pitit
David! **43** Jezi di yo: Bon, kouman David fè rele l' Seyè?
Paske se Lespri Bondye a menm ki te fè l' di: **44** Bondye
te di Seyè mwen an: Chita la sou bò dwat mwen, jouk
tan mwen mete lènmi ou yo anba pye ou. **45** Si David
rele Kris la Seyè, ki jan pou Kris la ka pitit pitit David? **46**
Okenn moun pa t' kapab reponn li yon mo. Depi jou sa a
pesonn pa t' gen odas poze l' keksyon ankò.

23 Apre sa, Jezi pale ak foul moun yo ansanm ak disip
li yo, li di yo: **2** Dirèktè lalwa yo ak farizyen yo la
pou esplike Lalwa Moyiz la. **3** Se pou nou koute yo, se
pou nou fè tou sa yo di nou fè. Men, pa fè tankou yo.
Paske yo menm, yo pa fè sa yo di nou fè. **4** Yo mare gwo
chay lou yo mete sou zepòl lòt moun. Men, yo menm
yo p'ap leve yon ti pwent dwèt pou ede moun yo pote
chay la. **5** Tou sa yo fè, se pou moun kapab wè yo. Gade
gwosè meday ki make ak pawòl Liv la yo mare sou fwon
yo ak nan bra yo! Gade longè ganiti ki nan woulèt rad
long yo! **6** Yo renmen pi bon plas nan reseptyon. Yo
renmen chita kote pou tout moun wè yo nan sinagòg. **7**
Yo renmen pou moun di yo bonjou jouk atè lè yo sou plas
piblik, pou moun rele yo: Mèt, Mèt. **8** Men, nou menm, pa
fè moun rele nou Mèt, paske se yon sèl mèt nou genyen.
Apa sa, nou tout se frè. **9** Pa rele pesonn sou latè papa,
paske nou gen yon sèl papa: sa ki nan syèl la. **10** Pa kite
yo rele nou chèf, paske nou gen yon sèl chèf, se Kris la.
11 Moun ki pi grannèg nan mitan nou an, se moun k'ap
sèvi nou an. **12** Moun ki vle leve tèt li, y'a desann li. Moun
ki desann tèt li, y'a leve li. **13** Malè pou nou, nou menm
dirèktè lalwa ak farizyen, bann ipokrit! Nou fèmen pòt ki
mennen nan Peyi Wa ki nan syèl la pou pesonn pa antre.
Nou menm, nou pa antre ladan li. Lèfini, moun ki ta vle
antre, nou enpoze yo antre. **14** Malè pou nou, nou menm
dirèktè lalwa ak farizyen, bann ipokrit! N'ap piye pòv vèv
yo nèt ale, an menm tan n'ap plede fè lapriyè byen long
pou parèt pi bon. Se poutèt sa, kondannasyon nou pral pi
rèd toujou. **15** Malè pou nou, nou menm dirèktè lalwa ak
farizyen, bann ipokrit! N'ap vwayaje toupatou sou lanmè
ak sou latè pou nou ka konvèti yon moun lòt nasyon nan
relijyon nou an. Lè nou resi jwenn yonn, nou fè l' tounen
yon pitit Satan de fwa pi mechan pase nou. **(Geenna g1067)**
16 Malè pou nou, avèg k'ap kondi moun! Nou di konsa:
Yon moun te mèt sèmante sou tanp lan, li pa bezwen
kenbe pawòl li pou sa. Men, si l' sèmante sou lò ki nan
tanp la, se pou l' kenbe pawòl li. **17** Bann egare, bann
moun je pete! Kisa ki pi konsekan: lò a osinon tanp lan
kote yo fè lò a sèvi pou Bondye? **18** Nou di ankò: O wi, si
yon moun sèmante sou lòtèl la, se pa anyen sa. Li pa
bezwen kenbe pawòl li. Men, si l' sèmante sou ofrann ki
sou lòtèl la, se pou l' kenbe pawòl li. **19** Bann je pete!
Kisa ki pi konsekan: ofrann lan osinon lòtèl la kote yo
mete ofrann lan apa pou Bondye? **20** Se sa ki fè, moun

ki sèmante sou lòtèl la, li sèmante sou lòtèl la ansanm
ak tou sa ki sou li. 21 Moun ki sèmante sou tanp lan, li
sèmante sou tanp lan ansanm ak sou Bondye ki rete nan
tanp lan. 22 Moun ki sèmante sou syèl la, li sèmante sou
fotèy kote Bondye chita a ansanm ak sou Bondye li menm
ki chita sou fotèy la. 23 Malè pou nou, nou menm dirèktè
lalwa ak farizyen, bann ipokrit! Nou bay Bondye ladim nan
rekòt pye mant, pye ani etwale ak pye pèsi, men, nou
neglije bagay ki pi konsekan nan lalwa a: n'ap fè lenjistis,
nou pa gen kè sansib, nou pa kenbe pawòl nou. Men
sa pou n' te fè san nou pa neglije lòt bagay yo. 24 Nou
menm k'ap kondi pèp la, nou se yon bann avèg pou tèt pa
nou. Nou pase lèt la nan paswa pou nou wete ti mouch ki
tonbe ladan li. Men, nou vale yon chwal! 25 Malè pou nou,
nou menm dirèktè lalwa ak farizyen, bann ipokrit! Nou
netwaye tout deyò gode a ak deyò plat la byen netwaye.
Men, anndan yo plen ak bagay nou pran nan vòlò, nan
fè visye. 26 Farizyen avèg! Pwòpte anndan gode a ak
anndan plat la anvan. Se lè sa a deyò yo va pwòp tou. 27
Malè pou nou, nou menm dirèktè lalwa ak farizyen, bann
ipokrit! Nou sanble tonm yo blanchi nan simityè. Deyò yo
parèt byen bèl, anndan yo plen ak zosman mò ak tout
kalite vye bagay pouri. 28 Konsa tou, sou deyò nan je
moun, nou sanble moun k'ap mache dwat devan Bondye.
Men anndan kè nou, nou plen ipokrizi ak mechanste. 29
Malè pou nou, nou menm dirèktè lalwa ak farizyen, bann
ipokrit! Gade, n'ap bati bèl tonm pou pwofèt yo, nou mete
flè sou kavo moun ki te mache dwat devan Bondye yo. 30
Epi n'ap di: Si nou te viv nan tan zansèt nou yo, nou pa ta
dakò ak yo lè yo t'ap touye pwofèt yo. 31 Lè nou di sa, nou
admèt nou menm tou se pitit pitit moun ki te ansasinen
pwofèt yo nou ye. 32 Konsa, nou mèt fin fè sa zansèt nou
yo te kòmanse fè a. 33 Bann rize, bann vèmen! Kouman
n'a fè chape anba chatiman lanfè a? (Geenna g1067) 34 Se
poutèt sa, men sa ki genyen: mwen pral voye pwofèt,
moun ki gen bon konprann ak dirèktè lalwa ban nou. Nou
pral touye kèk, gen ladan yo n'ap kloure sou kwa, gen
ladan yo n'ap bat ak fwèt nan sinagòg nou yo, n'ap pousib
yo soti yon lavil al nan yon lòt. 35 Konsa, n'ap reskonsab
san tout inonsan ki koule sou latè, depi san Abèl, nonm ki
te fè sa ki byen devan Bondye a, jouk san Zakari, pitit
Barachi, moun nou te ansasinen ant lòtèl la ak kote ki
rezève apa pou Bondye nan tanp lan. 36 Sa m'ap di nou
la a, se vre wi: Chatiman gen pou tonbe sou moun k'ap
viv koulye a pou tout krim sa yo. 37 Jerizalèm, Jerizalèm,
ou menm ki touye pwofèt yo, ou menm k'ap touye moun
Bondye voye ba ou yo ak kout wòch, depi lontan mwen te
vle sanble moun ou yo tankou manman poul k'ap sanble
pitit li anba zèl li, men ou pa t' vle! 38 Enben, tout kay ou
yo pral rete san yon moun ladan yo. 39 Paske, m'ap di ou
sa: Depi jòdi a, nou p'ap wè m' ankò jouk lè a va rive pou
nou di: Benediksyon pou Moun ki vini nan non Mèt la.

24 Jezi soti nan tanp lan, li tapral fè wout li lè disip
li yo pwoche bò kote li. Yo t'ap fè l' wè ki jan tanp
lan te byen bati. 2 Men li di yo: Nou wè tout bagay sa
yo! Sa m'ap di nou la a, se vre wi. Yon lè p'ap gen de
wòch k'ap rete kanpe yonn sou lòt. Tou sa pral kraze nèt
vide atè. 3 Jezi te chita sou mòn Oliv la. Disip li yo te
pou kont yo avèk li. Yo pwoche bò kote l', yo mande li:
Manyè di nou kilè sa va rive? Di nou ki siy ki va fè nou
konnen lè w'ap vini an, lè tan sa a va fini nèt? (aiōn g165)
4 Jezi reponn yo: Atansyon pou pesonn pa twonpe nou. 5
Paske, anpil moun va vini sou non mwen, y'a di se yo
menm ki Kris la. y'a twonpe anpil moun. 6 Nou pral tande
lagè ap fèt toupre nou, ansanm ak nouvèl lagè k'ap fèt
byen lwen. Koute sa m'ap di nou byen: nou pa bezwen
pè. Paske, fòk bagay sa yo rive. Men, se p'ap ankò lafen
an sa. 7 Yon pèp pral leve goumen ak yon lòt pèp. Yon
peyi va atake yon lòt peyi. Va gen anpil grangou, va gen
tranblemanntè divès kote. 8 Tou sa, se va tankou tranche
anvan akouchman. 9 Lè sa a, y'ap pran nou, y'ap lage
nou nan men moun k'ap fè nou pase touman, y'ap touye
nou. Moun tout nasyon pral rayi nou poutèt mwen. 10
Lè sa a, anpil moun pral jwenn okazyon pou yo tonbe
nan peche, yonn pral denonse lòt, yonn pral rayi lòt. 11
Gen anpil moun k'ap parèt, y'ap pran pòz pwofèt yo, y'a
twonpe anpil moun. 12 Ap sitèlman gen mechanste sou
latè, pifò moun yonn p'ap renmen lòt. 13 Men, moun ki va
kenbe fèm jouk sa kaba, se li ki va delivre. 14 Fòk yo
gen tan mache bay bon nouvèl Peyi kote Bondye Wa a
toupatou sou latè, pou tout moun ka tande mesaj la. Se
lè sa a atò lafen an va rive. 15 Pwofèt Danyèl te pale
sou bagay nou pa ta renmen wè a, bagay k'ap bay gwo
lapenn lan. Enben, nou gen pou nou wè bagay sa a chita
kote ki rezève nan tanp lan apa pou Bondye. (Se pou
moun k'ap li a chache konprann.) 16 Lè sa a, tout moun ki
nan peyi Jide pral blije sove al nan mòn. 17 Moun ki va
sou tèt kay yo, yo p'ap bezwen antre pran zafè yo nan
kay la. 18 Moun ki nan jaden pa bezwen tounen lakay yo
al pran rechanj. 19 Lè sa a, se p'ap de doulè pou fanm
ansent ak nouris yo. 20 Lapriyè Bondye pou jou n'a gen
pou n' kouri a pa rive ni nan tan fredi, ni yon jou saba. 21
Paske lè sa a, va gen yon gwo lafliksyon moun poko janm
wè depi nan konmansman lè Bondye t'ap kreye latè a
jouk jòdi a. p'ap janm gen yon lòt tankou l' ankò. 22 Si yo
pa t' wete kèk jou sou jou sa yo, pesonn pa ta sove. Men,
y'a wete sou jou sa yo poutèt moun Bondye chwazi yo.
23 Lè sa a, si yon moun di nou: Gade, men Kris la bò
isit, osinon: Men li bò la a, pa kwè li. 24 Paske lè sa a,
gen fo Kris ak fo pwofèt k'ap parèt. y'a fè anpil mèvèy ak
anpil mirak pou twonpe ata moun Bondye chwazi yo, si yo
ta kapab. 25 Mwen di nou sa davans. 26 Se pou si yo
di nou: Gade, men l' nan dezè a, nou pa bezwen ale.
Osinon, si yo di nou: Gade, men l' kache bò isit la, nou pa
bezwen kwè yo. 27 Menm jan zèklè a fè yan, li klere tout
syèl la depi bò solèy leve jouk bò solèy kouche, se konsa
Moun Bondye voye nan lachè a gen pou l' vini. 28 Kote
kadav la va ye a, se la votou yo va sanble. 29 Kou jou
lafliksyon sa yo fin pase, solèy la p'ap klere ankò, lalin lan
p'ap bay limyè l' ankò, zetwal yo va soti tonbe nan syèl la.

Pouvwa yo ki nan syèl la va pran tranble. **30** Lè sa a, n'a
wè siy nan syèl la k'ap fè nou konnen Moun Bondye voye
nan lachè a ap tounen. Lè sa a, tout nasyon ki sou latè va
pran kriye. y'a wè Moun Bondye voye nan lachè a ap vini
anwo nwaj yo nan syèl la, avèk pouvwa, nan mitan yon
bann bèl bagay. **31** Gwo klewon an va sonnen, la voye
zanj li yo nan kat kwen latè pou sanble tout moun Bondye
te chwazi yo, depi yon bout nan syèl la jouk nan lòt bout
la. **32** Pran leson sou pye fig frans lan. Kou l' kòmanse
boujonnen, kou l' pouse fèy, nou konnen sezon chalè a
sou nou. **33** Menm jan an tou, lè n'a wè tout bagay sa
yo rive, nou mèt konnen Moun Bondye voye nan lachè
a toupre, li la nan papòt la. **34** Sa m'ap di nou la a, se
vre wi: gen moun nan jenerasyon sa a ki p'ap gen tan
mouri anvan tout bagay sa yo rive. **35** Syèl la ak tout tè
a va pase, men pawòl mwen p'ap janm pase. **36** Men,
pesonn pa konnen ni ki jou, ni ki lè sa va rive, pa menm
zanj yo ki nan syèl la, pa menm Pitit la. Sèl Papa a konn
sa. **37** Sak te rive nan tan Noe a, se sa k'ap rive tou lè
Moun Bondye voye nan lachè a ap vini. **38** Se konsa, nan
jou anvan gwo inondasyon an, moun t'ap manje, yo t'ap
bwè, moun t'ap marye, yo t'ap marye pitit fi yo. Konsa
konsa, jouk jou Noe te antre nan gwo batiman an. **39** Yo
pa t' konprann anyen nan sa ki t'ap pase, jouk lè gwo
inondasyon an fèt, li pote yo tout ale. Se va menm jan an
tou lè Moun Bondye voye nan lachè a va vini. **40** Lè sa a,
va gen de gason nan yon menm jaden, y'ap pran yonn,
y'ap kite lòt la. **41** Va gen de fanm k'ap moulen mayi, y'ap
pran yonn, y'ap kite lòt la. **42** Se poutèt sa, pa kite dòmi
pran nou, paske nou pa konnen ki jou Mèt nou va vini.
43 Se yon bagay nou tout dwe konnen: Si mèt kay la te
konnen kilè nan lannwit lan vòlò a t'ap vini, li ta veye, li pa
ta kite l' kase kay la. **44** Se pou sa tou, nou menm se pou
nou toujou pare, paske Moun Bondye voye nan lachè a
ap vini lè nou pa ta kwè. **45** Ki moun ki ka di li se yon
jeran entelijan ki fè tout travay li byen? Se moun sa a
mèt kay la va mete pou veye sou moun nan kay la, pou
bay lòt domestik yo manje lè pou yo manje. **46** Se va bèl
bagay pou domestik la si mèt la jwenn li ap fè travay li lè l'
tounen lakay li. **47** Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Mèt la
va mete l' reskonsab tout byen l' yo. **48** Men, si domestik
sa a se yon move moun, l'ap di nan kè l': Mèt mwen ap fè
reta. Li poko ap vini. **49** L'ap tonbe bat kanmarad li yo,
l'ap rete ap plede manje, ap plede bwè ak tafyatè. **50** Mèt
domestik sa a va rive jou l' pa t'ap tann, yon lè li p'ap
konnen. **51** L'ap rachonnen msye anba kou, l'ap regle avè
l' menm jan yo regle ak moun ipokrit yo. Se lè sa a va gen
rèl, se lè sa a va gen manje dan.

25 Se konsa, nan Peyi Wa ki nan syèl la se va tankou
istwa dis jennfi ki pran lanp yo, ki soti al kontre
msye marye a. **2** Senk nan yo te tèt chaje, senk lòt yo te
gen bon konprann. **3** Tèt chaje yo te pran lanp yo ase. Yo
pa t' pote gaz an rezèv. **4** Men sa ki te gen bon konprann
yo te pote yon boutèy plen gaz ansanm ak lanp yo. **5**
Pandan yo t'ap tann msye marye a ki te an reta, yo tout
pran kabicha, dòmi vòlò yo. **6** Nan mitan lannwit lan, yon
rèl pati: Men msye marye a. Ann al kontre li. **7** Dis jennfi
yo leve, yo pran pare lanp yo. **8** Tèt chaje yo mande sak
gen bon konprann yo: Tanpri, ban nou ti gout nan gaz
nou pote a, paske lanp pa nou yo ap mouri. **9** Men, senk
ki te gen bon konprann yo reponn: Non, nou pa kapab,
paske pa gen ase pou nou tout. Pito n' al achte nan men
machann yo. **10** Antan tèt chaje yo al achte gaz la, msye
marye a vin rive. Senk jennfi ki te pare yo antre ansanm
avè l' nan kay nòs la. Yo fèmen pòt la dèyè yo. **11** Pita, lòt
jennfi yo vin rive, yo di konsa: Mèt, Mèt, louvri pou nou.
12 Men msye marye a reponn yo: Sa m'ap di nou la a,
se vre wi: m' pa konnen nou. **13** Apre sa, Jezi di yo: Se
poutèt sa, pa kite dòmi pran nou, paske, nou pa konnen
ni ki jou, ni ki lè sa va rive. **14** Vwala, se va tankou yon
nonm ki tapral pati pou yon vwayaj. Li rele domestik li yo,
li mete yo reskonsab byen li yo. **15** Li bay yonn senkmil
(5.000) goud, li bay yon lòt demil (2.000) goud, li bay yon
twazyèm mil (1.000) goud. Konsa li bay yo chak dapre sa
l' konnen yo ka fè. Lèfini, li pati. **16** Lamenm, domestik ki
te resevwa senkmil (5.000) goud la al fè lajan an travay.
Li rapòte l' senkmil (5.000) goud benefis. **17** Konsa tou,
domestik ki te resevwa demil (2.000) goud la fè demil
(2.000) goud benefis. **18** Sa ki te resevwa mil (1.000)
goud la menm ale, li fouye yon twou nan tè, li sere lajan
mèt la. **19** Lontan apre sa, mèt domestik yo tounen, li pran
fè regleman ak yo. **20** Domestik ki te resevwa senkmil
goud la pwoche, li pote senkmil goud benefis la ba li, li di:
Mèt, ou te ban mwen senkmil goud. Men senkmil goud
benefis mwen fè. **21** Mèt la di l': Sa se bèl bagay. Ou se
yon bon domestik ki travay byen. Paske ou fè ti travay sa
a byen, m'ap mete ou reskonsab pi gwo zafè toujou. vin
fè fèt avèk mèt ou. **22** Domestik ki te resevwa demil goud
la pwoche apre sa, li di: Mèt, ou te ban mwen demil goud,
men demil goud benefis mwen fè. **23** Mèt la di l': Sa se
bèl bagay. Ou se yon bon domestik ki travay byen. Paske
ou te fè ti travay sa a byen, m'ap mete ou reskonsab
pi gwo zafè ankò. vin fè fèt avèk mèt ou. **24** Apre sa,
domestik ki te resevwa sèlman mil goud la pwoche, li di:
Mèt, mwen konnen ou se yon nonm ki di. Ou rekolte kote
ou pa t' simen, ou ranmase kote ou pa t' plante. **25** Mwen
te pè, se sak fè mwen te al sere mil goud ou a anba tè.
Men, pran lajan ou. **26** Mèt la reponn li: Gade jan ou
se yon move domestik, ou parese konsa! Ou te konnen
mwen rekolte kote mwen pa t' simen, mwen ranmase kote
mwen pa t' plante. **27** Enben, se pou ou te mete lajan m'
labank. Lè m' ta tounen, mwen ta wete manman lajan an
ak yon enterè sou li. **28** Wete mil goud la nan men l', pran
l' bay sa ki gen dimil (10.000) goud la. **29** Paske, moun ki
genyen deja a, y'a ba li ankò; konsa la gen depase sa l'
bezwen an. Men, moun ki pa gen anyen an, y'a wete nan
men l' menm ti sa l' te genyen an. **30** Kanta domestik
ki pa vo anyen an, jete l' deyò nan fènwa a. Se lè sa a
va gen rèl, se lè sa a va gen manje dan. **31** Lè Moun
Bondye voye nan lachè a va vini nan tout bèl pouvwa li ak

tout zanj li yo, la chita sou fotèy li ak tout bèl pouvwa li.
32 Tout nasyon ki sou latè va sanble devan li. Lè sa a,
la separe yo fè de gwoup, menm jan moun k'ap gade
mouton mete mouton yon bò, kabrit yon bò. 33 La mete
mouton yo sou bò dwat li, kabrit yo sou bò gòch li. 34
Apre sa, wa a va pale ak sa ki sou bò dwat li yo, la di: Vini
non, nou menm ki resevwa benediksyon Papa m', vin
pran posesyon peyi ki te pare pou nou depi lè Bondye
t'ap kreye lemonn lan. 35 Mwen te grangou, nou ban
m' manje; mwen te swaf dlo, nou ban m' bwè. Mwen te
lwen peyi m', nou te resevwa m' lakay nou. 36 Mwen te
toutouni, nou te ban m' rad. Mwen te malad, nou pran
swen m'; mwen te nan prizon, nou vin wè mwen. 37 Lè sa
a, moun ki te fè byen yo va reponn li: Mèt, kilè nou te wè
ou grangou pou n' te ba ou manje? Kilè nou te wè ou
swaf dlo pou nou te ba ou bwè? 38 Kilè nou te wè ou
lwen peyi ou, pou nou te resevwa ou lakay nou? Osinon
toutouni, pou n' te ba ou rad? 39 Kilè nou te wè ou malad,
osinon nan prizon, pou n' te al wè ou? 40 Wa a va reponn
yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: chak fwa nou te fè sa
pou yonn nan pi piti pami frè m' yo, se pou mwen nou te
fè li. 41 Apre sa, la pale avèk sa ki sou bò gòch li yo, la di:
Wete kò nou sou mwen, nou menm ki gen madichon! Al
nan dife ki p'ap janm mouri an, dife ki te pare pou dyab la
ak zanj li yo. **(aiōnios g166)** 42 Mwen te grangou, nou pa t'
ban m' manje, mwen te swaf dlo, nou pa t' ban m' bwè.
43 Mwen te lwen peyi m', nou pa t' resevwa m' lakay nou.
Mwen te toutouni, nou pa t' ban m' anyen pou mwen te
mete sou mwen. Mwen te malad, mwen te nan prizon,
nou pa t' vin wè mwen. 44 Lè sa a, y'a reponn li: Mèt, kilè
nou te wè ou grangou, osinon swaf dlo, kilè nou te wè ou
lwen peyi ou, osinon toutouni, kilè nou te wè ou malad
osinon nan prizon, jouk pou nou pa t' ba ou lasistans? 45
Wa a va reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: chak
fwa nou pa t' fè sa pou yonn nan pi piti sa yo, se pou
mwen nou pa t' fè li. 46 Apre sa, l'ap voye yo resevwa
chatiman ki p'ap janm fini an. Men, pou moun ki te fè byen
yo, y'ap antre nan lavi ki p'ap janm fini an. **(aiōnios g166)**

26 Lè Jezi fin di tout pawòl sa yo, li di disip li yo: 2 Nou
konnen, nan de jou jwif yo pral fete fèt Delivrans
lan. Yo pral lage Moun Bondye voye nan lachè a nan men
moun ki pou kloure l' sou kwa a. 3 Lè sa a, chèf prèt yo
ansanm ak chèf fanmi yo ki t'ap dirije pèp la reyini nan
palè granprèt yo te rele Kayif la. 4 Mesye yo mete tèt yo
ansanm pou fè plan pou yo te ka arete Jezi pou yo fè
touye li. 5 Yonn t'ap di lòt: Nou pa kapab arete l' pandan
fèt la pou sa pa eksite pèp la fè dezòd. 6 Antan Jezi te
Betani lakay Simon, nonm ki te gen maladi lalèp la, 7 yon
fanm pwoche kote li. Li t'ap pote yon ti boutèy fèt an albat
plen ak yon odè ki te koute byen chè. Pandan Jezi te
chita bò tab la, fanm lan vide tout odè a sou tèt li. 8 Lè
disip yo wè sa, yo pa t' kontan menm. Yo di: Pouki tout
gaspiyaj sa a? 9 Yo ta kapab vann odè a byen chè, yo ta
bay pòv lajan an. 10 Jezi vin konnen sa yo t'ap di, li di yo
konsa: Poukisa n'ap fè fanm lan tout lapenn sa a? Se
yon bèl bagay li fè la a wi pou mwen. 11 Paske, pòv yo,
n'ap toujou genyen yo avèk nou. Men, mwen menm, nou
p'ap genyen m' pou tout tan. 12 Lè li vide odè sa a sou
kò mwen, li tou benyen m' pou lantèman mwen. 13 Sa
m'ap di nou la a, se vre wi: Toupatou sou latè, kote y'a
anonse bon nouvèl sa a, y'a rakonte tou sa fanm sa a te
fè pou yo pa janm bliye li. 14 Lè sa a, yonn nan douz
disip yo, nonm yo rele Jida Iskariòt la, al jwenn chèf prèt
yo. 15 Li di yo: Kisa n'a ban mwen si m' fè nou pran Jezi?
Yo konte trant pyès lajan ba li. 16 Depi lè sa a, Jida t'ap
chache yon bon okazyon pou l' te ba yo Jezi. 17 Premye
jou fèt pen san ledven yo, disip yo pwoche bò kote Jezi,
yo di li: Ki bò ou ta vle nou pare manje Delivrans lan pou
ou? 18 Li reponn yo: Ale lavil la, kay entèl. n'a di l' konsa:
Mèt la voye di ou: Lè pa l' la rive, se lakay ou l'ap fete
Delivrans lan ansanm ak disip li yo. 19 Disip yo fè sa Jezi
te bay yo lòd fè a, yo pare manje Delivrans lan. 20 Lè
solèy fin kouche, Jezi chita bò tab la ak douz disip li yo.
21 Antan yo t'ap manje, Jezi di yo: Sa m'ap di nou la a, se
vre wi: yonn nan nou pral trayi mwen. 22 Sa te fè disip
yo lapenn anpil. Yonn apre lòt yo pran mande li: Eske
se mwen menm, Mèt? 23 Li reponn yo: Moun ki tranpe
pen l' ansanm avè m' nan plat la, se li menm ki pral trayi
mwen. 24 Moun Bondye voye nan lachè a prale, jan sa
te ekri sou li a. Men, malè pou moun k'ap trayi l' la. Li
ta pi bon pou moun sa a si li pa t' janm fèt. 25 Jida ki
tapral trayi l' la pran lapawòl, li di: Mèt, èske se mwen
menm? Jezi reponn li: Se ou ki di li. 26 Antan yo t'ap
manje, Jezi pran pen, li di Bondye mèsi, li kase l', li bay
disip yo, li di: Pran, manje. Sa se kò mwen. 27 Apre sa, li
pran yon gode diven, li di Bondye mèsi, li pase l' ba yo, li
di: Se pou nou tout nou bwè ladan li. 28 Paske, sa se san
mwen, san ki siyen kontra Bondye fè a, san ki koule pou
anpil moun jwenn padon pou peche yo. 29 M'ap di nou
sa: Depi jòdi a, mwen p'ap janm bwè diven ankò jouk
jou m'a bwè yon lòt diven ansanm ak nou nan peyi kote
Papa m' wa a. 30 Apre yo fin chante kantik espesyal pou
fèt la, yo soti, y ale sou mòn Oliv la. 31 Lè sa a, Jezi di
disip li yo: Aswè a menm, nou tout nou pral kouri kite m'
pou kont mwen. Paske, men sa ki ekri nan Liv la: M'ap
frape gadò mouton yo, epi tout bann mouton yo pral gaye
nan bwa. 32 Men, apre sa, lè m'a leve soti vivan nan
lanmò, mwen pral tann nou nan peyi Galile. 33 Pyè pran
lapawòl, li di li: Menm si tout moun ta kouri kite ou pou
kont ou, mwen menm, mwen p'ap janm kite ou. 34 Jezi di
li: Sa m'ap di ou la a, se vre wi: aswè a menm, anvan
kòk chante, ou va gen tan di twa fwa ou pa janm konnen
mwen. 35 Pyè reponn li: Menm si m' ta dwe mouri avè ou,
mwen p'ap janm di mwen pa konnen ou. Tout lòt disip
yo t'ap di menm bagay la tou. 36 Apre sa, Jezi ale ak
disip yo yon kote yo rele Jetsemane. Li di yo: Chita la.
Mwen menm, mwen pral lapriyè pi lwen. 37 Li pran Pyè
ansanm ak de pitit Zebede yo avèk li. Lè sa a, li santi yon
lapenn ak yon kè sere ki pran li. 38 Li di yo: Mwen gen
lapenn anpil. Mwen santi se mouri m'ap mouri. Rete la

avèk mwen, pa kite dòmi pran nou. **39** li al yon ti kras pi
lwen, li lage kò l' fas atè, li lapriyè konsa: O Papa mwen.
Si sa te ka fèt, wete gode soufrans sa a devan je mwen.
Men, se sa ou vle a ki pou fèt, pa sa mwen vle a. **40** Jezi
tounen bò kote twa disip yo, li jwenn yo ap dòmi. Li di Pyè
konsa: Kouman? Nou pa t' kapab rete je klè yon ti kadè
avèk mwen! **41** Pa kite dòmi pran nou, tande. Lapriyè pou
nou pa tonbe anba tantasyon. Lespri nou byen dispoze,
men kò nou fèb. **42** Li kite yo, li ale yon dezyèm fwa. Li
lapriyè konsa: O Papa m', si se pou m' bwè gode soufrans
sa a anvan pou ou wete l' devan je m', ou mèt fè l' jan
ou vle a. **43** Li tounen, li jwenn disip yo ap dòmi ankò,
paske dòmi t'ap kale yo. **44** Li kite yo, li ale, li lapriyè yon
twazyèm fwa. Li t'ap repete menm pawòl yo. **45** Apre sa,
li tounen bò kote disip li yo, li di: N'ap dòmi toujou? N'ap
poze kò nou? Epi gade, men lè a rive, yo pral lage m',
mwen menm Moun Bondye voye nan lachè a, nan men
mechan yo. **46** Leve non, ann ale. Men moun k'ap trayi m'
lan ap vini. **47** Jezi t'ap pale toujou lè Jida, yonn nan douz
disip yo, vin rive. Li te gen avèk li yon bann moun ki te
gen nepe ak baton nan men yo avèk li. Se chèf prèt yo ak
chèf fanmi k'ap dirije pèp la ki te voye yo avèk li. **48** Nonm
ki t'ap trayi Jezi a te ba yo yon siyal. Li te di yo: Moun
n'a wè mwen bo a, se li menm n'ap chache a. Mete men
sou li. **49** Rive Jida rive, li pwoche bò kote Jezi, li di li:
Bonswa, Mèt. Epi l' bo Jezi. **50** Jezi di li: Zanmi, sa ou te
vin pou fè a, fè li. Lè sa a, lòt moun yo pwoche, yo mete
men sou Jezi, yo arete li. **51** Yonn nan mesye ki te avèk
Jezi yo rale nepe l', li frape domestik granprèt la, li koupe
yon zòrèy li. **52** Jezi di l' konsa: Mete nepe ou nan fouwo
l'; paske tout moun ki sèvi ak nepe, se nepe k'ap touye yo
tou. **53** Ou pa konnen mwen ta ka rele Papa m' vin ede
mwen. Menm lè a, li ta voye depase douz lame zanj ban
mwen. **54** Men lè sa a, ki jan sa ki ekri nan Liv la ta ka
rive vre? Paske Liv la di: Se konsa pou sa pase. **55** Apre
sa, Jezi di foul moun yo: Nou vin dèyè m' ak nepe ak
baton tankou si m' te yon ansasen. Toulejou mwen te
chita la nan tanp lan, ap moutre moun yo anpil bagay, nou
pa t' janm arete mwen. **56** Men, tou sa rive pou sa ki ekri
nan liv pwofèt yo ka rive vre. Lè sa a, tout disip yo kite l',
yo pran kouri. **57** Moun ki te arete Jezi yo mennen l' kay
Kayif, granprèt la. Se la tout dirèktè lalwa yo ansanm ak
chèf fanmi yo te reyini. **58** Pyè t'ap swiv Jezi yon ti jan
lwen lwen, jouk yo rive nan lakou kay granprèt la. Li antre
nan lakou a tou, li chita ak gad yo pou l' wè kouman sa
t'apral fini. **59** Chèf prèt yo ak tout manm Gran Konsèy
jwif yo t'ap chache yon manti pou yo te fè sou Jezi, pou
yo te ka kondannen l' amò. **60** Men, yo pa t' kapab jwenn
anyen malgre anpil moun te vin fè anpil manti sou li. **61**
Bout pou bout, de moun parèt. Yo di: Nonm sa a di: Mwen
kapab kraze tanp Bondye a, epi nan twa jou m'a rebati l'
ban nou. **62** Granprèt la leve, li di Jezi: Ou pa reponn
anyen? Kisa mesye yo ap di sou ou konsa? **63** Jezi pa
louvri bouch li. Granprèt la di l' ankò: Nan non Bondye
vivan an, m'ap mande ou pou di nou verite a: Eske se
ou ki Kris la, Pitit Bondye a? **64** Jezi reponn li: Se ou ki
di li. Men, m'ap di nou sa, depi jòdi a n'a wè m', mwen
menm, Moun Bondye voye nan lachè a, chita sou bò dwat
Bondye ki gen pouvwa a, n'a wè m' ap vini sou nwaj yo
nan syèl la. **65** Lè sa a, granprèt la chire rad ki te sou li
a, li di: L'ap pale mal sou Bondye. Sa nou bezwen lòt
temwen fè: Nou fèk tande ak zòrèy nou jan l' pale mal sou
Bondye. **66** Kisa nou di nan sa? Yo reponn: Li antò, se
pou yo touye li. **67** Lè sa a, yo pran krache nan figi l', yo
tonbe ba l' kout pwen. Gen ladan yo ki ba l' souflèt. **68** Yo
di li: Kris, si ou konnen, di nou non! Di nou ki moun k'ap
frape ou konsa. **69** Pyè menm te chita deyò nan lakou a.
Yon sèvant pwoche bò kote l', li di li konsa: Ou menm tou,
ou te avèk Jezi, nonm Galile a. **70** Men, Pyè demanti l'
devan tout moun, li di: Mwen pa konnen sa w'ap di la a.
71 Apre sa, Pyè leve, li ale bò pòtay lakou a. La, yon lòt
sèvant wè li. Li di moun ki te la yo: Nonm sa a te avèk
Jezi, nonm Nazarèt la. **72** Pyè demanti l' tou, li di: M'ap fè
sèman, mwen pa konnen nonm sa a. **73** Yon ti kadè apre,
moun ki te la yo pwoche, yo di Pyè konsa: Se vre wi,
monchè. Ou fè pati moun sa yo tou. Jan ou pale a fè nou
rekonèt ou. **74** Lè sa a, Pyè pran fè sèman, li di yo: Mwen
mande Bondye pou nenpòt bagay rive m' si m' manti:
Mwen di nou non, mwen pa konnen nonm sa a. Menm lè
a, kòk chante. **75** Latou, Pyè vin chonje pawòl Jezi te di l'
la: Anvan kòk chante, ou va gen tan di twa fwa ou pa
janm konnen mwen. Pyè soti, li tonbe kriye jouk li pa t'
kapab ankò.

27 Nan granmaten, tout chèf prèt yo ansanm ak chèf
fanmi k'ap dirije pèp la, yo mete tèt yo ansanm sou
do Jezi. Yo pran desizyon pou fè touye li. **2** Apre yo fin
mare l', yo mennen l' ale, yo renmèt li bay Pons Pilat,
gouvènè peyi a. **3** Jida menm, nonm ki te trayi Jezi a, lè l'
wè yo te kondannen Jezi, remò pran l', li pote trant pyès
lajan yo tounen bay chèf prèt yo ansanm ak chèf fanmi yo.
Li di konsa: **4** Sa m' fè a mal. Se yon inonsan mwen lage
nan men nou. Yo reponn li: Ki mele nou sa? Sa se zafè
pa ou. **5** Jida jete pyès lajan yo nan tanp lan, li soti, li ale
pann tèt li. **6** Chèf prèt yo ranmase lajan an, yo di konsa:
Sa se lajan san. Lalwa nou pa pèmèt nou mete lajan
konsa nan kès tanp lan. **7** Apre sa, yo tonbe dakò pou yo
achte yon jaden nan men yon nonm ki te konn fè krich. Yo
pran tè a sèvi simityè pou etranje ki mouri nan peyi a. **8**
Se poutèt sa, jouk jounen jòdi a, yo rele jaden sa a: Jaden
san. **9** Se konsa pawòl pwofèt Jeremi te di a rive vre: Yo
pran trant pyès lajan yo. Se pri sa a moun ras Izrayèl yo
te dakò peye pou li. **10** Ak lajan an, yo achte jaden nonm
ki konn fè krich la, dapre lòd Bondye te ban mwen an. **11**
Jezi parèt devan gouvènè a. Gouvènè a keksyonnen l', li
mande li: Ou se wa jwif yo? Jezi reponn li: Se ou ki di li.
12 Chèf prèt yo ak chèf fanmi yo t'ap depoze anpil plent
kont Jezi. Jezi menm pa t' reponn anyen. **13** Pilat di li: Ou
pa tande tout plent yo depoze sou do ou? **14** Men Jezi pa
ba l' repons sou anyen. Sa te fè Pilat sezi anpil. **15** Pou

chak fèt Delivrans gouvènè a te konn lage yon prizonye.
Se pèp la ki te konn chwazi kilès. 16 Lè sa a, te gen yon
prizonye yo te rele Jezi Barabas. Tout moun te konnen ki
moun li ye. 17 Lè Pilat wè pèp la sanble deyò a, li di yo:
Kilès nou vle m' lage ban nou: Jezi Barabas osinon Jezi
yo rele Kris la? 18 Pilat te byen konnen se jalouzi ki te fè
yo mennen Jezi ba li. 19 Antan Pilat te chita sou fotèy jij li
nan tribinal la, madanm li voye di li: Nonm sa a inonsan
tande. Pa mele nan zafè sa a. Paske yèswa, mwen soufri
anpil poutèt li nan dòmi. 20 Chèf prèt yo ak chèf fanmi yo
pran tèt pèp la pou yo mande Pilat pou l' lage Barabas ba
yo, pou l' fè touye Jezi. 21 Gouvènè a pran lapawòl, li di
yo: Kilès nan de a nou vle m' lage ban nou? Yo reponn:
Barabas. 22 Pilat mande yo: Bon. Kisa pou m' fè ak Jezi
yo rele Kris la? Yo tout reponn: Kloure l' sou yon kwa! 23
Pilat di yo: Ki movezak li fè konsa? Yo rele pi fò toujou:
Kloure l' sou yon kwa! 24 Lè Pilat wè li pa t' kapab fè
anyen ankò, paske pèp la te soti pou l' te fè plis dezòd
toujou, li pran dlo, li lave men l' devan tout foul moun yo.
Li di yo: Mwen menm, mwen pa reskonsab lanmò nonm
sa a. Sa, se sou kont nou li ye. 25 Tout pèp la reponn:
Se pou reskonsablite lanmò l' tonbe sou nou ak sou tout
pitit nou yo. 26 Apre sa, Pilat lage Barabas ba yo. Li
fè yo bat Jezi byen bat, li renmèt yo li pou y al kloure l'
sou yon kwa. 27 Sòlda Pilat yo mennen Jezi nan kay
gouvènè a. Yo sanble tout batayon sòlda yo fè wonn li. 28
Yo dezabiye l', yo mete yon gwo rad koulè wouj violèt sou
li. 29 Yo trese yon kouwòn pikan mete nan tèt li, yo ba l'
yon ti bwa wozo kenbe nan men dwat li. Apre sa, yo mete
ajenou devan l', yo pran pase l' nan betiz. Yo di li: Bonjou,
wa jwif yo! 30 Yo krache sou li, yo pran wozo a, yo ba l'
kou nan tèt. 31 Apre yo fin pase l' anba kont betiz yo, yo
wete gwo rad la, yo mete rad pa l' sou li ankò. Epi yo
mennen l' ale pou yo kloure l' sou yon kwa. 32 Lè yo soti,
yo kontre yon nonm peyi Sirèn ki te rele Simon. Yo fòse
msye pote kwa Jezi a. 33 Lè yo rive kote ki rele Gòlgota a
(ki vle di: Plas zo bwa tèt la) 34 yo bay Jezi bwè diven
mele ak fyèl. Men, lè l' goute l', li pa t' vle bwè li. 35 Apre
yo fin kloure l' sou kwa a, yo tire osò pou separe rad li yo.
36 Apre sa, yo chita ap veye li. 37 Yo mete yon ti pankat
anlè tèt li pou fè konnen kòz ki fè yo te kondannen l' la.
38 Yo te kloure de ansasen sou de lòt kwa an menm tan
avè l', yonn sou bò dwat, yonn sou bò gòch. 39 Moun ki
t'ap pase bò la a t'ap plede joure li. Yo t'ap fè siy sou li. 40
Yo t'ap di: Ou menm ki te vle kraze tanp lan pou ou te
rebati l' nan twa jou, sove tèt ou non! Si ou se pitit Bondye
a, desann sou kwa a! 41 Konsa tou, chèf prèt yo, dirèktè
lalwa yo ak chèf fanmi yo t'ap pase l' nan rizib. Yo t'ap di:
42 Gade! Li sove lòt moun, li pa kapab sove tèt pa li. Si l'
se wa pèp Izrayèl la, se pou l' desann sou kwa a koulye a.
Lè sa a, n'a kwè nan li. 43 Li te mete konfyans li nan
Bondye, li te di se pitit Bondye li ye. Ann wè koulye a
si Bondye va vin delivre li. 44 Ata ansasen ki te kloure
sou lòt kwa yo t'ap joure l' menm jan an tou. 45 Vè midi
konsa, vin gen yon fènwa sou tout peyi a, jouk twazè apre
midi. 46 Vè twazè, Jezi rele byen fò, li di: Eli, Eli lema
sabaktani? (ki vle di: Bondye, Bondye, poukisa ou lage m'
konsa?) 47 Nan moun ki te la yo genyen ki tande l' pale.
Yo di: Men l'ap rele Eli. 48 Lamenm, yonn nan yo kouri al
pran yon eponj, li tranpe l' nan venèg, li mete l' nan pwent
yon gòl wozo, li lonje l' bò bouch Jezi ba l' bwè. 49 Men,
lòt moun yo di: Tann non, monchè. Ann wè si Eli ap vin
delivre li. 50 Jezi bay yon gwo rèl ankò, epi li mouri. 51
Menm lè a, rido ki te nan tanp lan chire an de moso, depi
anwo jouk anba. Tè a tranble. Wòch yo fann. 52 Tonm mò
yo louvri, kò anpil moun pèp Bondye a ki te mouri leve
vivan ankò, yo soti nan tonm yo. 53 Apre Jezi li menm te
leve soti vivan nan lanmò, yo antre lavil Jerizalèm kote
anpil moun te wè yo. 54 Lè ofisye lame a ansanm ak gad
ki t'ap veye Jezi ansanm avè l' yo wè tranblemanntè a
ak tou sa ki te pase, yon sèl lapè pran yo. Yo di: Se vre
wi, nonm sa a te Pitit Bondye. 55 Te gen plizyè fanm la
tou. Men, yo te rete lwen ap gade. Se moun ki t'ap swiv
Jezi, ki t'ap okipe l' depi lè l' te nan peyi Galile. 56 Nan yo
te genyen: Mari, moun lavil Magdala a, Mari, manman
Jak ak Jozèf, ansanm ak manman pitit Zebede yo. 57 Lè
solèy fin kouche, yon nonm rich, moun lavil Arimate, vin
rive. Yo te rele l' Jozèf. Li menm tou li te yon disip Jezi. 58
li al jwenn Pilat, li mande l' kò Jezi a. Pilat bay lòd pou yo
renmèt li kò a. 59 Jozèf pran kò a, li vlope l' nan yon bèl
dra blan tou nèf. 60 Apre sa, li mete kò a nan yon kavo li
te fèk fè fouye nan wòch la pou tèt pa l'. Apre sa, li woule
yon gwo wòch devan bouch kavo a. Epi li al fè wout li. 61
Mari, moun lavil Magdala a, ansanm ak lòt Mari a te chita
la, anfas kavo a. 62 Nan denmen, ki vle di jou repo a
menm, chèf prèt yo ansanm ak farizyen yo ale bò kot
Pilat. 63 Yo di li: Chèf, nou chonje lè nonm ki t'ap bay
manti a te vivan, li te di apre twa jou li pral leve soti vivan.
64 Bay lòd pou yo veye kavo a byen veye pandan twa jou.
Konsa, disip li yo p'ap kapab vin pran kò a pou yo di pèp
la apre sa msye leve soti vivan nan lanmò. Dènye kout
manti sa a ta pi rèd pase premye a. 65 Pilat di yo: Men
yon eskwad gad. Ale, veye kavo a jan nou vle a. 66 Y ale.
Pou yo pi asire kavo a te byen fèmen, yo poze sele sou
wòch ki te devan bouch kavo a, epi yo mete eskwad gad
la veye li.

28 Lè jou repo a te fin pase, dimanch maten byen
bonè, Mari, moun lavil Magdala a, ak lòt Mari a te al
vizite kavo 2 Yo rete konsa, epi tè a pran tranble byen fò.
Yon zanj Bondye desann soti nan syèl la, li vini, li woule
wòch la sou kote, lèfini li chita sou li. 3 Li te klere tankou
yon zèklè, rad li te blan kou lanèj. 4 Gad yo te sitèlman
pè, yo pran tranble, yo tonbe atè tankou moun ki mouri. 5
Men, zanj lan pran pale, li di fanm yo: Nou menm, nou pa
bezwen pè. Mwen konnen se Jezi n'ap chache, nonm yo
te kloure sou kwa a. 6 Enben, li pa isit la. Li leve vivan jan
l' te di a. Vini wè kote l' te kouche a. 7 Apre sa, prese al di
disip li yo li leve soti vivan nan lanmò. Li gen tan pran
devan yo ale nan peyi Galile. Se la y'a wè li. Se sa m'
te gen pou m' di nou. 8 Fanm yo kouri kite kavo a. Yo

te pè, men an menm tan tou yo te kontan. Yo t'ap kouri
pote nouvèl la bay disip yo. **9** Yo rete konsa, yo wè Jezi
parèt devan yo, li di yo: Bonjou, medam. Yo pwoche bò
kote l', yo kenbe pye l', yo adore li. **10** Jezi di yo: Nou pa
bezwen pè. Ale di frè m' yo pou y al nan Galile. Se la y'a
wè mwen. **11** Antan medam yo te nan wout toujou, nan
gad ki t'ap veye kavo a te genyen ki te gen tan tounen
lavil la, yo rakonte chèf prèt yo tou sa ki te rive. **12** Lè
sa a, chèf prèt yo reyini ak chèf fanmi yo, yo fè plan yo
ansanm. Yo bay sòlda yo yon gwo lajan. **13** Epi yo di yo:
Se pou nou di se disip li yo ki te vin vòlò kò a pote ale
lannwit antan nou t'ap dòmi. **14** Si pawòl la tonbe nan
zòrèy gouvènè a, n'a konnen ki jan pou n' pale avè l' pou
nou menm, gad yo, nou pa nan traka. **15** Sòlda yo pran
lajan an, yo fè jan yo te di yo fè l' la. Se konsa, popagann
sa a gaye pami jwif yo jouk jounen jòdi a. **16** Onz disip yo
ale sou ti mòn nan peyi Galile a, kote Jezi te di yo ale a.
17 Lè yo wè l', yo adore li. Men, te gen nan yo ki pa t' fin
kwè nèt. **18** Jezi pwoche bò kote yo, li di yo konsa: Mwen
resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a. **19** Ale fè
disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa
a, Pitit la ak Sentespri a. **20** Moutre yo pou yo obsève tou
sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la
avèk nou toulejou, jouk sa kaba. **(aiōn g165)**

Mak

1 Men konmansman Bon Nouvèl ki pale sou Jezikri, Pitit
Bondye a. **2** Nan liv pwofèt Ezayi a, men sa ki te ekri:
Bondye di: Men m'ap voye mesaje m' lan devan ou. La
louvri chemen an pou ou. **3** Se vwa yon nonm k'ap rele
nan dezè a: Pare gran wout Seyè nou an. Plani chemen
an byen plani pou li. **4** Se konsa Jan te parèt nan dezè
a, li t'ap batize, li t'ap mache bay mesaj sa a: -Tounen
vin jwenn Bondye. vin resevwa batèm, epi Bondye va
padonnen peche nou yo. **5** Tout moun nan peyi Jide a
ansanm ak tout pèp lavil Jerizalèm lan te vin jwenn li: yo
te konfese peche yo devan tout moun, epi Jan te batize
yo nan larivyè Jouden an. **6** Jan te mete yon rad pwal
chamo sou li, ak yon sentiwon an po mare nan ren li. Se
krikèt ak gato myèl li te jwenn nan bwa li te manje. **7** Li
t'ap mache bay mesaj sa a: -Moun k'ap vin apre m' lan
gen plis pouvwa anpil pase m'. Mwen pa bon ase pou
m' ta bese demare sapat ki nan pye li. **8** Mwen menm,
mwen batize nou nan dlo. Men li menm, la batize nou nan
Sentespri a. **9** Menm epòk sa a, Jezi te soti Nazarèt, yon
bouk nan peyi Galile. Lè sa a, Jan te batize l' nan larivyè
Jouden an. **10** Antan Jezi t'ap soti nan dlo a, li wè syèl
la louvri, epi Lespri Bondye a desann sou li an fòm yon
pijon. **11** Li tande yon vwa ki soti nan syèl la ki di: -Ou
se pitit mwen renmen anpil la. Ou fè kè m' kontan anpil.
12 Touswit apre sa, Lespri Bondye a pouse Jezi al nan
dezè a. **13** Li rete la pandan karant jou, epi se la Satan
vin tante l'. Jezi t'ap viv nan mitan bèt bwa yo, epi zanj
Bondye yo t'ap okipe li. **14** Apre yo te fin mete Jan nan
prizon, Jezi ale nan peyi Galile pou l' te fè konnen Bon
Nouvèl Bondye voye a. **15** Li t'ap di yo konsa: -Jou a rive.
Koulye a, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a
nan men li. Tounen vin jwenn Bondye. Asepte Bon Nouvèl
la. **16** Pandan Jezi t'ap mache bò lanmè Galile a, li wè
de pechè pwason, Simon ak Andre, frè li a. Yo t'ap voye
privye nan lanmè a. **17** Jezi di yo konsa: -vin jwenn mwen.
m'a fè nou tounen pechè moun pito. **18** Lamenm, yo kite
privye yo, y' ale avèk li. **19** Jezi vanse pi lwen, li wè de
pitit gason Zebede yo, Jak ak Jan, frè li. Yo te chita nan
kannòt yo a, yo t'ap repare privye yo. **20** Lamenm, Jezi
rele yo. Yo kite Zebede, papa yo, nan kannòt la ansanm
ak ouvrye yo. Y' ale avèk Jezi. **21** Apre sa, Jezi ale ak
disip li yo nan yon lavil yo rele Kapènawòm. Jou repo a,
Jezi antre nan sinagòg la; li kòmanse moutre moun yo
anpil bagay. **22** Yo te sezi tande sa l' t'ap moutre yo. Se
pa t' menm jan avèk dirèktè lalwa yo, paske li te pale ak
yo tankou yon moun ki otorize. **23** Lè sa a, yon nonm ki te
gen yon move lespri sou li vin antre nan sinagòg la, li
pran rele: **24** -ey Jezi, moun Nazarèt, kisa nou gen avè
ou? Ou vin isit la pou detwi nou? Mwen konnen byen
pwòp ki moun ou ye. Ou se moun Bondye chwazi a. **25**
Jezi pale byen fò ak move lespri ki te sou nonm lan, li di li:
-Pe la! Soti sou nonm sa a. **26** Move lespri a souke nonm
lan byen souke, li bay yon gwo rèl, epi li soti, li ale. **27**
Tout moun yo te sitèlman sezi, yonn t'ap mande lòt: -Sa
sa ye la a menm! Sa se yon lòt bagay l'ap moutre nou la
a. Menm move lespri yo, li pase yo lòd ak otorite, yo obeyi
li. **28** Se tout moun ki t'ap nonmen non l' nan peyi Galile
a. **29** Apre sa, yo soti kite sinagòg la, y' ale ansanm ak
Jak ak Jan lakay Simon ak Andre. **30** Bèlmè Simon an te
kouche ak lafyèv. Rive Jezi rive lakay la, yo di l' sa. **31**
Lè sa a, li pwoche bò madanm lan, li pran men l', li fè l'
leve. Latou, lafyèv la kite l', epi madanm lan resevwa yo.
32 Aswè, apre solèy fin kouche, yo mennen tout moun
malad yo ansanm ak tou sa ki te gen move lespri sou
yo bay Jezi. **33** Tout moun lavil la te sanble devan pòt
kay la. **34** Lè sa a, Jezi te geri anpil moun ki te soufri
divès maladi; li te chase anpil move lespri. Men, li pa t'
kite move lespri yo pale, paske yo te konnen ki moun
li te ye. **35** Nan granmaten, byen bonè, li pa t' ankò fè
klè, Jezi leve, li soti li kite lavil la, li al yon kote ki pa gen
moun. La li t'ap lapriyè. **36** Simon ak lòt zanmi l' yo soti,
yo t'ap chache Jezi. **37** Lè yo jwenn li, yo di l' konsa: -Tout
moun ap chache ou wi. **38** Men li reponn yo: -Ann al yon
lòt kote, nan lòt bouk yo nan vwazinaj la. Fòk mwen fè yo
konnen mesaj la tou. Se pou sa menm mwen vini. **39** Se
konsa li te ale toupatou nan peyi Galile, li t'ap mache bay
mesaj la nan sinagòg yo, li t'ap chase move lespri yo. **40**
Yon nonm ki te gen lalèp vin jwenn Jezi; li tonbe ajenou
devan li, li mande l' sekou; li di l' konsa: -Si ou vle, ou
kapab geri mwen. **41** Kè Jezi fè l' mal, li lonje men l', li
manyen nonm lan, li di li: -Wi, mwen vle ou geri. **42** Menm
lè a, lalèp la kite l', li geri, li te nan kondisyon pou fè sèvis
Bondye. **43** Apre sa, Jezi voye l' ale, li pase l' lòd byen
sevè. **44** Li di l' konsa: -Piga ou pale sa ak pesonn. Men,
al fè prèt la wè ki jan ou ye. Apre sa, wa ofri sa Moyiz te
bay lòd pou ofri a. Konsa wa bay tout moun prèv ou geri.
45 Men, nonm lan pati, li pran mache fè konnen bagay
la toupatou. Li sitèlman gaye nouvèl la, Jezi pa t' kapab
antre ankò nan okenn lavil pou moun pa t' wè li. Li te
pito rete andeyò, kote ki pa gen moun. Men, moun te soti
toupatou vin jwenn li.

2 Kèk jou apre sa, Jezi tounen Kapènawòm. Yo tande
li te lakay li. **2** Te sitèlman gen moun ki te sanble, pa t'
gen plas ankò, pa menm devan pòt kay la. Jezi menm
t'ap anonse yo pawòl la. **3** Se lè sa a, yon kolonn moun
vin rive, kat ladan yo t'ap pote yon nonm paralize. Yo t'ap
mennen l' bay Jezi. **4** Men, foul la te kwense anpil, kifè
moun yo pa t' ka pwoche bò kot Jezi. Lè yo wè sa, yo
dekouvri do kay la egzakteman sou tèt Jezi. Epi yo file
nonm paralize a desann nan twou a, tou kouche sou nat li
a. **5** Jezi wè jan yo te gen konfyans nan li, li di nonm
paralize a: -Pitit mwen, peche ou yo padonnen. **6** Te gen
kèk dirèktè lalwa chita la; yo t'ap di nan kè yo: **7** -Pouki
nonm sa a pale mal sou Bondye konsa? Ki moun sou
latè ki kapab padonnen peche? Sa se travay Bondye
sèlman. **8** Menm lè a Jezi te gen tan konnen nan fon
kè l' sak t'ap pase nan tèt yo. Li di yo: -Poukisa n'ap fè
lide konsa nan kè nou? **9** Kisak pi fasil pou m' di nonm

paralize a: Peche ou yo padonnen; osinon: Leve kanpe,
pran nat ou, mache? 10 Enben, m'ap fè nou konnen,
mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen gen
pouvwa sou latè pou m' padonnen peche. Lè sa a, Jezi di
nonm paralize a: 11 -Mwen di ou: leve kanpe, pran nat
ou, ale lakay ou. 12 Latou, nonm lan leve kanpe, li pran
nat li, li soti devan tout moun. Yo tout te sezi, yo fè lwanj
Bondye; yo t'ap di: -Nou poko janm wè bagay konsa. 13
Jezi tounen ankò bò lanmè Galile a. Yon foul moun te vin
jwenn li, epi li t'ap moutre yo anpil bagay. 14 Antan Jezi
t'ap pase konsa, li wè Levi, pitit Alfe a, chita nan biwo
kontribisyon an. Jezi di l' konsa: -Swiv mwen. Levi annik
leve, li swiv Jezi. 15 Pita, Jezi t'ap manje lakay Levi. Te
gen anpil lòt pèseptè kontribisyon ak moun k'ap fè sa
ki mal ki t'ap swiv Jezi. Tout moun sa yo te chita bò tab
avè l' ansanm ak disip li yo. 16 Kèk direktè lalwa ki te
fè pati bann farizyen yo wè Jezi ap manje ak pèseptè
kontribisyon yo ansanm ak moun k'ap fè sa ki mal yo.
Yo mande disip li yo: -Poukisa l'ap manje ak pèseptè
kontribisyon ansanm ak moun k'ap fè sa ki mal yo? 17
Jezi tande sa, li di yo konsa: -Lè yon moun an sante, li pa
bezwen dòktè. Se moun malad ki bezwen dòktè. Enben,
mwen pa vin rele moun k'ap mache dwat devan Bondye
yo, men moun k'ap fè sa ki mal yo. 18 Yon jou, patizan
Jan Batis yo t'ap fè jèn ansanm ak farizyen yo. Gen moun
ki vin di Jezi konsa: -Poukisa patizan Jan Batis yo avèk
disip farizyen yo fè jèn, epi disip pa ou yo pa fè jèn? 19
Jezi reponn yo: -Eske zanmi yon nonm k'ap marye kapab
rete san manje toutotan li la avèk yo? Non, toutotan nonm
k'ap marye a la avèk yo, yo pa kapab rete san manje. 20
Men, lè lè a va rive pou l' pa nan mitan yo ankò, se lè
sa a y'a fè jèn. 21 Pesonn pa pyese yon vye rad ak yon
moso twal nèf. Si ou fè sa, moso nèf la va pati ak yon bò
nan vye rad la. Lè sa a, rad la chire pi mal. 22 Konsa tou,
pesonn pa mete diven ki fenk fèt nan vye veso an po. Si
ou fè sa, diven an va pete vye veso yo, epi w'ap pèdi
ni diven an ni veso yo. Men, diven ki fenk fèt, sa dwe
ale nan veso an po ki fenk fèt tou. 23 Yon jou repo, Jezi
t'ap pase nan yon jaden ble. Antan disip li yo t'ap mache
konsa avè l', yo pran keyi kèk grap ble. 24 Farizyen yo
di li konsa: -Gade non! Poukisa disip ou yo ap fè bagay
lalwa nou pa pèmèt moun fè gwo jou repo a? 25 Jezi
reponn yo: -Eske nou pa janm li sa David te fè yon lè li
te bezwen manje pou li menm ak pou moun pa l' yo ki
te grangou? 26 Sa te pase sou tan Abyata te granprèt.
Nou chonje? Li antre nan kay Bondye a, li manje nan pen
yo te ofri bay Bondye a. Dapre lalwa nou an, se prèt yo
sèlman ki gen dwa manje pen sa yo. Malgre sa, David te
pran ladan yo, li te bay moun pa l' yo manje tou. 27 Jezi
di yo ankò: -Jou repo a te fèt pou moun; se pa moun ki te
fèt pou jou repo a. 28 Konsa tou, mwen menm, Moun
Bondye voye nan lachè a, mwen se mèt repo a.

3 Apre sa, Jezi tounen ankò nan sinagòg la. Te gen yon
nonm ki te gen yon men pòk nan asanble a. 2 Moun ki
te la yo t'ap veye Jezi pou wè si li t'ap geri men nonm lan
jou repo a, paske yo te vle akize li. 3 Jezi di nonm men
pòk la: -Leve, vin kanpe la a nan mitan nou. 4 Epi li di
moun ki t'ap gade l' yo: -Kisa lalwa nou an pèmèt moun fè
jou repo a? Byen osinon mal? Sove lavi yon nonm osinon
kite l' mouri? Men yo pa louvri bouch yo reponn li. 5 Lè sa
a Jezi fache, li pwonmennen je l' sou yo tout: sa te fè l'
lapenn pou l' te wè jan yo te gen move santiman. Epi li di
nonm lan konsa: -Lonje men ou. Nonm lan lonje men li.
Latou men an geri. 6 Menm lè a, farizyen yo soti nan
sinagòg la, y' al met tèt yo ansanm ak patizan Ewòd yo
pou yo wè ki jan pou yo touye Jezi. 7 Jezi wete kò l' ak
disip li yo, li ale bò lanmè Galile a. Yon gwo foul moun t'ap
swiv li. Yo te soti toupatou: te gen moun Galile, moun
Jide, 8 moun lavil Jerizalèm, moun peyi Idime, moun peyi
lòt bò larivyè Jouden an, moun nan vwazenaj lavil Tir ak
lavil Sidon. Tout foul pèp sa a te vin jwenn li paske yo te
tande tou sa l' t'ap fè. 9 Jezi mande disip li yo pou yo
pare yon kannòt pou li, pou foul la pa t' toufe l' twòp. 10
Paske, jan li t'ap geri anpil moun, tout malad yo te vide
sou li pou yo te manyen li. 11 Chak fwa move lespri yo te
wè l', yo te tonbe nan pye l' ap plede rele: -Ou se pitit
Bondye a. 12 Men Jezi te pale sevè ak move lespri yo
pou yo pa t' di ki moun li te ye. 13 Apre sa, li moute sou
yon ti mòn. Li rele moun li te bezwen yo. Yo vin jwenn li.
14 Li chwazi douz nan yo pou mache ak li. Li rele yo apòt,
epi li voye yo mache bay mesaj la. 15 Li te ba yo pouvwa
pou chase mouve lespri. 16 Men douz moun li te chwazi
yo: Se te Simon (Jezi te ba li yon ti non Pyè), 17 de pitit
Zebede yo: Jak ak Jan, frè l' la. Jezi te ba yo yon ti non
Boanèj, ki vle di Pitit loraj. 18 Te gen Andre, Filip, Batèlmi,
Matye, Toma, Jak, pitit Alfe a, Tade, Simon, patriyòt la, 19
ak Jida Iskariòt, nonm ki te lage Jezi nan men lènmi li yo.
20 Apre sa, Jezi tounen lakay li. Te sitèlman gen moun ki
te sanble ankò, Jezi ak disip li yo pa t' menm gen tan pou
yo te manje. 21 Lè fanmi Jezi yo tande sa, yo soti pou yo
vin chache l' paske tout moun t'ap di: -Nonm sa a fou. 22
Dirèktè lalwa ki te desann soti Jerizalèm yo t'ap di konsa:
-Li gen Bèlzeboul, gwo wa dyab la, sou li. Yo t'ap di tou: -
Se chèf move lespri yo menm ki ba li pouvwa pou chase
move lespri yo. 23 Jezi rele yo, li di yo an parabòl: -Ki jan
Satan fè ap chase Satan? 24 Si yon peyi gen divizyon
ladan l' pou moun yo ap goumen yonn ak lòt, peyi sa a pa
la pou lontan. 25 Si gen divizyon nan yon fanmi, fanmi sa
a pa la pou lontan. 26 Se sak fè, si Satan konbat pwòp tèt
li, si gen divizyon nan peyi Satan, pouvwa Satan an pa
la pou lontan. Talè konsa l'ap fini. 27 Pesonn pa kapab
antre lakay yon nonm vanyan pou piye sa l' genyen, si
li pa mare nonm vanyan an anvan. Lè li fin mare l', la
piye kay la. 28 Se vre wi, sa m'ap di nou la a: Bondye va
padonnen lèzòm tout peche y'a fè, ak tout move pawòl ki
va soti nan bouch yo. 29 Men, moun ki va pale mal sou
Sentespri a, moun sa a p'ap janm jwenn padon, paske lè
sa a l'ap fè yon peche k'ap rete pou tout tan. (aiōn g165,
aiōnios g166) 30 Jezi te pale konsa paske yo t'ap di-Li gen
yon move lespri sou li. 31 Apre sa, manman Jezi ak frè

l' yo vin rive. Yo kanpe deyò a, yo fè rele li. 32 Jezi te
nan mitan yon foul moun ki te chita. Yo di l' konsa: -Men
manman ou ak frè ou yo deyò a, y'ap mande pou ou. 33
Li reponn yo: -Kilès ki manman m', kilès ki frè mwen? 34
Epi li pwonmennen je l' sou moun ki te chita sou kote l'
yo, li di konsa: -Gade: men manman m', men frè m' yo. 35
Paske, tout moun ki fè sa Bondye mande yo fè, se moun
sa yo ki frè m', ki sè m', ki manman mwen.

4 Jezi te rekòmanse ap bay mesaj la bò lanmè Galile
a ankò. Foul moun ki te sanble bò kote l' la te sitèlman
anpil, li te blije moute chita nan yon kannòt ki te sou lanmè
a. Tout foul moun yo menm te rete atè sou rivaj la, toupre
dlo a. 2 Li t'ap rakonte yo kèk parabòl pou l' te moutre yo
anpil bagay. Li di yo konsa: 3 -Koute! Yon nonm soti pou li
al simen grenn nan jaden li. 4 Pandan li t'ap simen grenn
yo, kèk grenn tonbe bò chemen an. Zwazo vini, yo manje
yo. 5 Yon pati tonbe nan mitan wòch, kote ki pa t' gen
anpil tè. Grenn sa yo leve byen vit, paske tè a pa t' fon.
6 Men, lè solèy la chofe, li boule ti plant yo. Yo cheche
paske rasen yo pa t' fon. 7 Yon lòt pati tonbe nan mitan
pye pikan. Pikan yo grandi, yo toufe bon ti plant yo, kifè yo
pa t' ka donnen. 8 Men, yon lòt pati ankò tonbe nan bon
tè. Plant yo leve, yo grandi, yo donnen. Gen ladan yo ki
bay trant grenn, lòt bay swasant, lòt ankò bay san (100).
9 Apre sa, Jezi di yo konsa: -Si nou gen zòrèy poun tande,
tande. 10 Apre Jezi te fin kite gwo foul moun yo dèyè,
moun ki te toupre l' yo ansanm ak douz disip li yo di li: -
Esplike nou parabòl sa a non. 11 Li di yo: -Nou menm,
nou resevwa sekrè Peyi kote Bondye Wa a; men moun ki
deyò yo, yo tande tout bagay an parabòl. 12 Konsa Yo
mèt gade byen gade, men yo p'ap wè. Yo mèt tande byen
tande, men yo p'ap konprann, pou yo pa tounen vin jwenn
Bondye, pou Bondye padonnen peche yo. 13 Apre sa,
Jezi di yo: -Nou pa konprann parabòl sa a? Ki jan n'a fè
pou nou konprann tout lòt parabòl yo? Koute! 14 Nonm
k'ap simen an, se pawòl Bondye a l'ap simen. 15 Gen
moun, yo sanble ak tè bò chemen kote pawòl la tonbe a.
Kou yo tande l', Satan vini, li rache pawòl ki te simen nan
kè yo a. 16 Konsa tou, gen lòt ki resevwa grenn yo tankou
tè ki gen anpil wòch la. Lè yo fèk tande pawòl la, yo
resevwa l' ak kè kontan. 17 Men, yo pa kite l' pouse rasen
nan kè yo. Yo pa kenbe l' pou lontan. Lè yo tonbe anba
tèt chaje ak pèsekisyon akòz pawòl Bondye a, lamenm yo
jwenn okazyon pou yo tonbe nan peche. 18 Gen lòt moun
ankò, yo resevwa grenn yo tankou nan mitan pye pikan:
yo tande pawòl la, 19 men, traka lavi, anvi gen lajan ak
tout lòt anvi yo antre nan kè yo, toufe pawòl la. Kifè yo
pa bay anyen menm. (aiōn g165) 20 Pou fini, gen moun
ki tankou bon tè a; yo tande pawòl la, yo resevwa l' epi
yo donnen. Gen ladan yo ki bay trant pou yonn, lòt bay
swasant pou yonn, lòt ankò bay san (100) pou yonn. 21
Apre sa, li di yo ankò: -Yo pa limen yon lanp pou yo mete
l' anba yon mamit osinon anba yon kabann, pa vre? Eske
se pa sou yon etajè pou yo mete li? 22 Nanpwen anyen
ki kache ki p'ap devwale yon jou. Konsa tou, nanpwen
sekrè ki p'ap parèt aklè yon lè. 23 Si nou gen zòrèy poun
tande, tande. 24 Li di yo toujou: -Fè atansyon sa n'ap
tande la a. Mezi nou sèvi pou mezire lòt moun, se li menm
Bondye va pran pou mezire nou tou, ak tout degi l' sou li.
25 Paske, moun ki genyen deja a, y'a ba li ankò. Men
moun ki pa gen anyen an, y'a wete nan men l' ata ti sa l'
te genyen an. 26 Li di yo ankò: -Men ki jan sa ye nan Peyi
kote Bondye Wa a. Se tankou yon nonm ki simen grenn
nan jaden li. 27 Apre sa, lannwit li dòmi, lajounen li leve fè
zafè li. San l' pa konnen ki jan pa ki jan, grenn yo pouse,
yo grandi. 28 Tou sa, paske se tè a menm ki fè plant yo
grandi pou yo donnen. Pou kòmanse yo pouse fèy, answit
yo pouse flèch, apre sa grenn plen flèch la. 29 Lè grenn
yo mi se lè sa a nonm lan mete manchèt ladan l', paske
sezon rekòt la rive. 30 Li di yo ankò: -Kisa m' ta di Peyi
kote Bondye Wa a sanble ankò? Ki parabòl mwen ta ban
nou pou fè nou konprann sa li ye? 31 Enben, li menm jan
ak yon ti grenn moutad. Lè ou simen l', se yon ti grenn tou
piti. Se li ki pi piti nan tout grenn ki sou latè. 32 Men, lè ou
fin simen l', li pran grandi: li depase tout plant menm kalite
avè l', li pouse gwo branch. Konsa, zwazo nan syèl la ka
fè nich nan lonbraj yo. 33 Se avèk anpil parabòl konsa li
t'ap ba yo mesaj li a. Li te fè l' yon jan pou yo tout te ka
konprann li. 34 Li pa t' louvri bouch li pou l' pa t' rakonte
yo yon parabòl. Men, lè l' te pou kont li avèk disip li yo, li
te esplike yo tout bagay. 35 Menm jou sa a, lè solèy fin
kouche, Jezi di disip li yo: -Ann janbe lòt bò lanmè a non.
36 Se konsa disip yo te kite foul moun yo dèyè, yo pati
ansanm ak Jezi nan kannòt kote li te chita a. Te gen lòt
kannòt tou ki te ale avèk yo. 37 Yon gwo van vin leve,
lanm yo kòmanse antre nan kannòt la. Yon sèl kou a,
kannòt la t'ap fin plen dlo. 38 Jezi menm, lè sa a, te nan
dèyè kannòt la. Li t'ap dòmi, tèt li apiye sou yon ti zòrye.
Disip li yo souke l', yo di l' konsa: -Mèt, mèt, se mouri n'ap
mouri wi! Sa pa di ou anyen? 39 Jezi leve, li pale byen fò
ak van an, li di: -Pe la. Li di dlo a: -Rete trankil. Latou, van
an tonbe epi vin gen yon gran kalmi. 40 Apre sa, li di yo: -
Men, poukisa nou pè konsa? Nou poko gen konfyans
toujou? 41 Men disip yo te pè anpil anpil, yonn t'ap di lòt
konsa: -Ki moun li ye menm, pou jouk van ak dlo lanmè a
obeyi li?

5 Jezi ak disip li yo rive lòt bò lanmè Galile a, nan peyi
Jerazenyen yo. 2 Jezi desann soti nan kannòt la.
Menm lè a, yon nonm soti nan mitan tonm mò yo, li vin
devan Jezi. 3 Nonm sa a te gen yon move lespri sou li, li
te pran tonm yo fè kay li. Pesonn pa t' kapab mare l', pa
menm avèk chenn. 4 Anpil fwa, yo te mete tou de pye l'
yo nan yon sep an fè, yo te mare tou de menm l' yo ak
yon chenn. Men, chak fwa, li te jwenn mwayen kase ni
chenn lan, ni sèp la. Pesonn pa t' gen fòs ase pou donte
li. 5 Tout tan, lajounen kou lannwit, li t'ap pwonmennen
nan mitan tonm yo osinon sou ti mòn yo. Li t'ap rele san
rete, li t'ap matirize kò l' ak kout wòch. 6 Li te yon bèl
distans lè li wè Jezi. Li kouri, li vin mete ajenou devan li. 7
Li pran rele byen fò, li di l' konsa: -Kisa m' gen avèk ou,

Jezi, pitit Bondye ki nan syèl la? Tanpri souple, nan non
Bondye, pa fè m' soufri. 8 (Li te pale konsa, paske Jezi te
pase l' lòd sa a: Move lespri, soti sou nonm lan). 9 Lè sa
a, Jezi mande li: -Ki jan ou rele? Li reponn li: -Yo rele m'
Rejiman, paske nou anpil. 10 Epi li di Jezi: -Tanpri souple,
pa mete nou deyò nan peyi a. 11 Sou ti mòn lan te gen
yon bann kochon ki t'ap chache manje pou yo manje. 12
Tout move lespri yo pran mande Jezi: -Tanpri souple, voye
nou sou kochon sa yo non poun antre nan yo. 13 Jezi bay
yo pèmisyon sa a. Lè sa a, move lespri yo soti sou nonm
lan, yo antre nan kochon yo. Lamenm, tout bann kochon
yo pran degrengole desann bò falèz la, al neye tèt yo
nan lanmè. Te gen demil (2.000) kochon konsa nan bann
lan. 14 Moun ki t'ap gade kochon yo pran kouri. Yo gaye
nouvèl la nan lavil la kou andeyò. Moun soti toupatou vin
wè sak te rive. 15 Lè yo rive bò kote Jezi te ye a, yo wè
nonm ki te gen rejiman move lespri sou li a. Li te chita
chita l', byen abiye ak tout bon sans li sou li. Yo tout te pè.
16 Moun ki te asiste bagay la mete rakonte lòt yo sa ki te
rive nonm ak move lespri a ansanm ak kochon yo. 17 Lè
sa a, yo mande Jezi: -Tanpri souple, kite peyi a. 18 Antan
Jezi t'ap moute nan kannòt la, nonm ki te gen move lespri
a mande l' pèmisyon pou li ale ave l' tou. 19 Men Jezi pa
t' kite l' ale, li di l' konsa: -Ale, tounen lakay ou, nan mitan
fanmi ou yo. Rakonte yo tou sa Bondye fè pou ou, kijan
li te gen pitye pou ou. 20 Nonm lan pati, li ale nan tout
rejyon yo rele Dis Vil la. Li mache fè konnen tou sa Jezi
te fè pou li. Se te yon gwo sezisman pou tout moun ki
te tande l' pale. 21 Jezi tounen lòt bò lanmè a. Li annik
desann soti nan kannòt la, yon foul moun gen tan sanble
bò kote li. Antan li sou rivaj la, 22 Jayiris, yonn nan chèf
sinagòg yo, vin rive. Lè Jayiris wè Jezi, li lage kò l' nan pye
li. 23 Li mande Jezi: -Pitit fi m' lan prèt pou mouri. Tanpri
souple, vin mete men ou sou li pou l' ka geri. vin ba l' lavi
pou mwen. 24 Jezi pati avèk li. Yon gwo foul moun t'ap
swiv li. Yo te kwense l' toupatou. 25 Men te gen yon fanm
nan foul la ki te malad: li te gen pèdisyon depi douzan. 26
Li te soufri anpil nan men plizyè dòktè, li te fin depanse
tout byen li; men li pa t' jwenn okenn soulajman. Okontrè,
maladi a te vin pi rèd sou li. 27 Li te tande pale sou Jezi.
Li fofile kò l' nan foul la pa dèyè Jezi, epi li manyen ke rad
li. 28 Fanm lan te di nan kè l': Si m' kapab manyen ke
rad li sèlman, m'a geri. 29 Menm lè a san an rete, epi
madanm lan santi kò l' gaya. 30 Latou, Jezi santi te gen
yon fòs ki soti nan li; li vire nan mitan foul moun yo, li di
konsa: -Ki moun ki manyen rad mwen an, en? 31 Disip li
yo reponn li: -Ou wè jan foul moun yo ap kwense ou, epi
w'ap mande: Ki moun ki manyen ou? 32 Men Jezi t'ap
pwonmennen je l' toupatou pou wè moun ki te fè l' sa a.
33 Fanm lan menm ki te konnen sak te rive l' t'ap tranble
kou yon fèy bwa tank li te pè. Li vin lage kò l' nan pye
Jezi. Li di l' tout verite a. 34 Jezi di li: -Mafi, se konfyans
ou nan Bondye ki geri ou. Ou mèt ale ak kè poze, tande.
Ou geri nèt. 35 Jezi t'ap pale toujou lè kèk mesaje soti
kay chèf sinagòg la vin di li: -Pitit fi ou la mouri. Ou pa
bezwen deranje Mèt la plis pase sa. 36 Men Jezi pa t'
okipe sa yo t'ap di a. Li di chèf sinagòg la: -Pa pè. Sèlman
met konfyans ou nan mwen. 37 Li pran Pyè, Jak ak Jan,
frè Jak la, avèk li. Li pa t' pèmèt lòt moun swiv li. 38 Lè yo
rive kay chèf sinagòg la, Jezi wè yon bann moun ki t'ap fè
gwo eskandal: genyen ki t'ap kriye; lòt menm t'ap plede
rele. 39 Li antre nan kay la, li di yo konsa: -Men pouki tout
bri sa a? Pouki tout rèl sa yo? Ti fi a pa mouri. Se dòmi
l'ap dòmi. 40 Yo tonbe pase l' nan betiz. Lè sa a, li fè yo
tout soti. Li pran papa ak manman pitit la ansanm ak twa
disip li yo sèlman. Epi li antre nan chanm kote pitit la te
ye a. 41 Li pran men li, li di li: -Talita koum. -ki vle di:
Ti fi, mwen di ou leve. 42 Menm lè a, ti fi a leve, li pran
mache, li te gen douzan. Se pa ti sezi moun yo te sezi lè
yo wè sa. 43 Men, Jezi pase yo lòd sevè pou yo pa t' kite
pesonn konn sa. Apre sa, li di yo: -Bay ti fi a manje.

6 Jezi kite kote l' te ye a, li ale nan lavil kote l' te grandi
a. Disip li yo te ale avè l' tou. 2 Lè jou repo a rive, li
kòmanse moutre moun ki te nan sinagòg la anpil bagay.
Foul moun ki t'ap koute l' yo te sezi anpil, yo t'ap di konsa:
-Kote l' jwenn tout bagay sa yo? Kilès ki ba l' konesans
sa yo? Kouman li fè fè tout mirak sa yo? 3 Se pa ti bòs
chapant pitit Mari a? Se pa frè Jak, Jòz, Jid ak Simon an?
Apa tout sè l' yo la avèk nou? Se sa ki fè li te tounen pou
yo yon okazyon tonbe nan peche. 4 Lè sa a, Jezi di yo:
-Yon pwofèt jwenn respè toupatou, esepte nan peyi l',
lakay li ak nan fanmi li. 5 Se konsa li pa t' kapab fè okenn
mirak la, esepte pou de ou twa moun malad. Li te mete
men sou tèt yo, li geri yo. 6 Jezi te sezi wè jan yo pa t'
kwè nan li. Apre sa, Jezi te mache nan tout ti bouk nan
vwazinaj la. Li t'ap moutre moun yo anpil bagay. 7 Lè sa
a, Jezi rele douz disip li yo, li voye yo de pa de. Li ba yo
pouvwa chase move lespri. 8 Li pase yo lòd sa a: -Pa
pran anyen pou vwayaj la, esepte yon baton. Pa pote ni
pen, ni sak. Pa mete lajan nan pòch nou. 9 Nou mèt mete
sapat nan pye nou. Men, pa mete de rad sou nou. 10 Epi
li di yo ankò: -Lè nou rive nan yon lavil, rete nan yon sèl
kay, kay kote y'a resevwa nou an, jouk nou pati. 11 Men,
si nou rive yon kote nou wè pesonn pa vle resevwa nou,
pesonn pa vle koute nou, ale fè wout nou. Souke pousyè
pye nou. Konsa, yo p'ap ka di nou pa t' avèti yo. 12 Douz
disip yo pati; y' al mache bay nouvèl la pou tout moun
tounen vin jwenn Bondye. 13 Yo te chase anpil move
lespri. Yo te pase lwil sou anpil moun malad, yo te geri
yo. 14 Wa Ewòd te tande pale sou Jezi, paske yo t'ap
nonmen non l' toupatou. Gen moun ki t'ap di: -Se Jan
Batis ki leve pami mò yo, se poutèt sa li kapab fè tout
mirak sa yo. 15 Gen lòt ki t'ap di tou: -Se Eli. Epi gen
lòt ankò ki t'ap di: -Se yon pwofèt tankou ansyen pwofèt
yo. 16 Men, lè Ewòd tande sa, li di konsa: -Se Jan wi.
Mwen te fè koupe tèt li. Men, li tounen vivan ankò. 17
Se Ewòd menm ki te voye arete Jan. Li te fè mete l' nan
prizon poutèt Ewodyad. Ewòd te pran Ewodyad, madanm
Filip, frè li, pou madanm li. 18 Se konsa, Jan te di li: -

Ou pa gen dwa pran madanm frè ou pou madanm ou.
19 Ewodyad te kenbe Jan nan kè. Li te vle fè yo touye
li. 20 Men, li pa t' kapab, paske Ewòd pou tèt pa l' te
gen yon krentif pou Jan. Li te konnen Jan se yon nonm
dwat ki t'ap viv pou Bondye. Se sak fè li te pwoteje li.
Li te renmen tande l' pale tou, menm si apre sa kè l' te
boulvèse. 21 Jou Ewodyad t'ap tann lan vin rive. Se te jou
fèt Ewòd. Jou sa a, Ewòd te fè yon fèt pou tout zotobre
nan gouvènman l' lan, ansanm ak gwo chèf nan lame a
ak lòt grannèg nan peyi Galile a. 22 Pitit fi Ewodyad la
antre nan sal resepsyon an: li danse, li danse. Sa te fè
Ewòd ak envite l' yo plezi anpil. Wa a di madmwazèl la
konsa: -Mande m' nenpòt sa ou vle, m'ap ba ou li. 23
Ewòd sèmante ba li, li di l' konsa: -Tou sa ou mande, m'ap
ba ou li, te mèt mwatye nan peyi m'ap gouvènen an. 24
Madmwazèl la soti, li al di manman li: -Kisa m' ta mande?
Manman an reponn li: -Mande tèt Jan Batis. 25 Jenn fi a
prese tounen kote wa a, li fè l' demann sa a: -Mwen ta vle
pou ou ban mwen tèt Jan Batis koulye a, nan yon plato.
26 Kè wa a kase. Men, li pa t' kapab di li non ankò, akòz
gwo sèman li te fin fè devan tout envite yo. 27 Menm lè a,
li voye yon gad avèk lòd pou li al chache tèt Jan Batis
pote vini. 28 Gad la koupe tèt Jan Batis nan prizon an;
li pote l' vini nan yon plato. Li bay madmwazèl la tèt la;
madmwazèl la menm pote l' bay manman li. 29 Lè patizan
Jan yo tande sa, yo vin pran kò a, yo mete l' nan yon
kavo. 30 Lè apòt yo tounen vin jwenn Jezi, yo rakonte l'
tou sa yo te fè ak tou sa yo te di. 31 Lè sa a, te sitèlman
gen moun ki t'ap ale vini, Jezi ak disip li yo pa t' menm
gen tan pou yo manje. Se poutèt sa Jezi di disip li yo: -
Ann al avè m' yon kote ki pa gen moun pou nou ka pran
yon ti repo. 32 Epi, yo pati pou kont yo nan yon kannòt
pou y' ale yon kote ki pa gen moun. 33 Men, anpil moun
te wè lè y' ale, yo te rekonèt yo. Se konsa, yo kouri soti
nan tout bouk yo, yo gen tan rive kote Jezi taprale avèk
disip li yo anvan li. 34 Lè Jezi rive pou l' debake sot nan
kannòt la, li wè tout bann moun yo. Kè l' fè l' mal pou yo,
paske yo te tankou yon bann mouton san gadò. Lamenm,
li tanmen esplike yo anpil bagay. 35 Lè li te kòmanse fè
ta, disip yo pwoche bò kote Jezi, yo di li: -Li fin ta, wi. Pa
gen moun rete bò isit la. 36 Voye moun yo ale non pou yo
ka achte manje nan bouk yo. 37 Jezi reponn yo: -Poukisa
nou pa ba yo manje nou menm pito? Disip yo mande li: -
Ou ta vle poun al achte pen pou mil (1.000) goud poun
bay tout moun sa yo manje? Jezi reponn yo: 38 -Konbe
pen nou gen la a? Ale wè non. Lè yo fin jwenn konbe pen
yo genyen an, yo di l' konsa: -Nou gen senk pen ak de
pwason. 39 Lè sa a, Jezi pase lòd pou disip li yo fè tout
moun chita atè sou zèb la, ti gwoup bò isit, ti gwoup bò la.
40 Moun yo menm chita pa ranje san moun, ranje senkant
moun. 41 Apre sa, Jezi pran senk pen yo ak de pwason
yo, li leve je l' nan syèl la, li di Bondye mèsi. Li kase pen
yo an moso, li renmèt yo bay disip li yo pou yo mache
bay moun yo. Li fè menm bagay ak de pwason yo. 42
Tout moun manje vant plen. 43 Disip yo ranmase tout ti
moso pen yo ansanm ak rès pwason yo. Yo plen douz
panyen pote ale. 44 Te gen senkmil (5.000) moun antou
ki te jwenn pen pou yo manje. 45 Touswit apre sa, Jezi fè
disip li yo moute nan yon kannòt, li voye yo devan lòt bò
lanmè a, nan direksyon Betsayda. Jezi menm te rete dèyè
pou l' voye foul moun yo ale. 46 Apre li fin ranvwaye yo, li
al lapriyè sou yon ti mòn. 47 Lè solèy fin kouche, kannòt
la te nan mitan lanmè a toujou. Jezi te pou kont li atè. 48
Li wè disip yo te gen anpil traka pou yo naje zaviwon yo,
paske van an te kontrè pou yo. Vè twazè nan maten, Jezi
pran mache sou dlo lanmè a pou li al jwenn disip yo. Li te
prèt pou depase yo. 49 Lè yo wè l' ap mache sou dlo a,
yo te kwè se te yon revenan. Yo pran rele. 50 Yo tout yo
te wè li, yo tout te pè. Menm lè a, Jezi pale avèk yo, li di
yo konsa: -Pran tèt nou non. Se mwen menm. Nou pa
bezwen pè. 51 Li moute bò kote yo nan kannòt la, van
an vin tonbe. Se pa ti sezi disip yo te sezi. 52 Yo pa t'
konprann sans mirak pen an, paske lespri yo te bouche
toujou. 53 Yo fin travèse lanmè a, yo fè tè toupre lavil
Jenezarèt. Yo mare kannòt la atè. 54 Kou yo soti nan
kannòt la, lamenm moun yo rekonèt Jezi. 55 Pèp la kouri
nan tout peyi a; yo pote malad yo tou kouche sou nat ba li
kote yo tande li te ye a. 56 Toupatou kote Jezi te rive, kit
nan bouk, kit nan lavil ou andeyò, yo te mete malad yo
sou plas piblik, yo te mande Jezi pou l' te kite yo manyen
bò rad li ase. Tout moun ki te manyen rad li te geri.

7 Farizyen yo ak kèk dirèktè lalwa te soti Jerizalèm. Yo
sanble bò kote Jezi. 2 Yo wè te gen nan disip li yo
ki t'ap manje ak men yo tou sal, sa vle di, san yo pa t'
lave men yo anvan. 3 Farizyen yo ak tout lòt jwif yo pa
t' janm manje san yo pa t' lave men yo byen lave. Nan
sa, yo t'ap swiv koutim granmoun lontan yo. 4 Lè yo soti
nan mache, sa pa t' bon non plis pou yo te manje san
yo pa t' pran yon beny anvan. Yo te gen yon bann lòt
koutim konsa ankò yo t'ap swiv. Pa egzanp, yo te gen
yon jan pou yo lave chak bagay, yon jan pou gode yo,
yon jan pou krich yo, yon jan pou mamit yo, yon jan pou
lave menm kabann yo. 5 Se sak fè, farizyen yo ak dirèktè
lalwa yo mande Jezi: -Poukisa disip ou yo pa swiv koutim
granmoun lontan yo? Men y'ap manje ak men yo tou sal.
6 Jezi reponn yo: -Bann ipokrit! Ezayi te gen rezon lè l'
t'ap pale sou nou, jan sa ekri a: Se nan bouch pèp sa a
respekte m', men kè yo byen lwen mwen. 7 Se tan yo
y'ap pèdi lè y'ap fè sèvis pou mwen. Paske nan leson yo,
se pawòl lèzòm y'ap moutre moun. 8 Jezi di yo konsa: -
Nou mete kòmandman Bondye yo sou kote pou nou swiv
koutim moun etabli. 9 Li di yo tou: -Nou byen konnen jan
pou nou vire kòmandman Bondye yo voye jete, pou nou
ka kenbe pwòp pawòl pa nou yo. 10 Tande byen. Moyiz
di konsa: Respekte papa ou ak manman ou. Li di ankò:
Si yon moun pale papa l' ak manman l' mal, se pou yo
touye li. 11 Men nou menm, nou di: Si yon moun di papa l'
osinon manman l': Tou sa m' ta gen pou m' ede ou la,
li kòban (sa vle di: se yon ofrann mwen mete apa pou
Bondye), 12 nan ka sa a, li pa bezwen fè anyen pou papa

l' osinon manman li. 13 Se konsa nou fè pawòl Bondye yo
pase pou anyen ak pawòl pa nou n'ap transmèt yonn bay
lòt. Nou fè anpil lòt bagay konsa ankò. 14 Apre sa, Jezi
rele foul moun yo vin bò kote l' ankò. Li di yo konsa: -Nou
tout, tande byen sa m'ap di nou la a; manyè konprann sa.
15 Se pa bagay deyò ki antre anndan yon moun lè l'ap
manje ki kapab mete l' nan kondisyon pou li pa ka sèvi
Bondye. 16 Men, se sak sot nan kè l' ki ka mete l' nan
kondisyon sa a. Si nou gen zòrèy poun tande, tande. 17
Lè l' fin kite foul moun yo dèyè, li antre nan kay la. Disip li
yo mande l' esplike yo paraból sa a. 18 Li di yo: -Nou
menm tou, nou san konprann toujou? Nou pa konprann
pawòl sa a: Tout bagay ki sot deyò antre anndan yon
moun pa kapab mete l' nan kondisyon pou l' pa ka fè
sèvis Bondye. 19 Paske, manje pa antre nan kè moun.
Men, sa pase nan vant; apre, yo jete sa nan latrin. (Lè l'
pale konsa, Jezi fè yo konprann tout manje bon.) 20 Li di
yo ankò: -Sa ki soti nan kè yon nonm, se sa ki mete l' nan
kondisyon pou l' pa ka fè sèvis Bondye. 21 Se nan kè yon
moun, se anndan li tout move lide soti: lide fè ou fè tout
move bagay, li fè ou vòlè, li fè ou touye moun; 22 li fè ou
fè adiltè, li fè ou renmen lajan. Li rann ou mechan, fentè, li
lage ou nan libètenaj, li ba ou gwo je, li fè ou pale moun
mal, li fè ou gen lògèy, li rann ou fou. 23 Tout move bagay
sa yo, se nan kè moun sa soti, se yo ki mete yon moun
nan kondisyon pou l' pa ka fè sèvis Bondye. 24 Jezi kite
kote li te ye a, li ale nan zòn ki nan vwazinaj lavil Tir la. li
antre nan yon kay, li pa t' vle pesonn konnen li te la. Men,
li pa t' kapab rete kache. 25 Se konsa te gen yon fanm ki
te gen yon pitit fi l' ak yon move lespri sou li. Li tande pale
sou Jezi. Menm lè a, li kouri vin bò kote l', li lage kò l' nan
pye Jezi. 26 (Fanm sa a pa t' jwif, se moun peyi Siri, nan
yon seksyon yo rele Fenisi.) Li te fè Jezi demann sa a: -
Tanpri souple, chase move lespri ki sou pitit fi m' lan. 27
Men Jezi di l' konsa: -Kite vant ti moun yo plen anvan;
paske sa pa bon pou wete pen nan bouch timoun pou bay
ti chen. 28 Fanm lan reponn li: -Se vre wi, Mèt. Men, ti
chen ki anba tab manje ti kal pen timoun jete atè. 29 Lè
sa a Jezi di li: -Poutèt pawòl sa a, ou mèt al lakay ou:
move lespri a soti sou pitit fi ou la. 30 Lè fanm lan rive
lakay li, li jwenn pitit la kouche byen trankil sou kabann
lan. Move lespri a te gen tan soti sou li. 31 Jezi kite zòn
lavil Tir la. Li pase lavil Sidon, li travèse nan mitan peyi
Dis Vil yo; li tounen lòt bò lanmè Galile a. 32 Yo mennen
yon nonm ba li: nonm lan te soudè epi li pa t' pale byen.
Yo mande Jezi pou li mete men l' sou tèt nonm lan. 33
Men Jezi pran men nonm lan, li fè l' soti nan mitan foul
moun yo, li mennen l' sou kote. Li mete dwèt li nan zòrèy
nonm lan, li krache, epi li manyen lang nonm lan. 34 Apre
sa, li leve je l' nan syèl la, li bay yon soupi. Li di: -Efata! (ki
vle di: Louvri!) 35 Latou, zòrèy nonm lan louvri, lang nonm
lan demare nan bouch li epi li pran pale trè byen. 36 Jezi
te mande yo tout pou yo pa t' di pesonn sa. Men plis li te
defann yo pale se plis yo te mache pale bagay la. 37
Moun yo te pi sezi ankò. Yo t'ap di: -Nonm sa a fè tout afè
l' byen. Li fè soudè yo tande, li fè bèbè yo pale.

8 Menm epòk sa a, yon gwo foul moun te sanble ankò.
Yo pa t' gen anyen pou yo manje. Jezi rele disip li yo,
li di yo konsa: 2 -Kè m' fè m' mal pou moun sa yo. Sa
fè twa jou depi yo la avè m', yo fin manje tou sa yo te
pote. 3 Si m' voye yo al lakay yo konsa san manje, y'a
tonbe feblès nan chemen paske gen ladan yo ki soti byen
lwen. 4 Disip li yo reponn li: -Nan dezè sa a, ki bò poun
jwenn pen pou plen vant tout moun sa yo? 5 Jezi mande
yo: -Konbe pen nou gen la a? Yo reponn: -Nou gen sèt
pen. 6 Lè sa a, li fè foul moun yo chita atè; li pran sèt
pen yo; li di Bondye mèsi, li kase yo an moso, li renmèt
yo bay disip li yo pou yo mache bay tout moun. Disip yo
mache bay tout moun pen. 7 Te gen kèk ti pwason la
tou. Jezi di Bondye mèsi pou yo tou, li mande disip li yo
mache bay tout foul moun yo. 8 Tout moun te manje vant
plen. Yo plen sèt panyen pote ale avèk moso ki te rete. 9
Te gen katmil (4.000) moun konsa antou. Apre sa, Jezi
voye yo ale. 10 Touswit apre sa, li moute nan kannòt la
avèk disip li yo, li ale nan yon peyi yo rele Dalmanouta.
11 Farizyen yo vin rive. Yo tanmen diskite avèk Jezi: yo
te vle pran li nan pèlen. Yo mande l' pou l' fè yon mirak
ki pou moutre se Bondye ki ba li tout pouvwa sa a. 12
Jezi bay yon gwo soupi nan kè l', li di yo konsa: -Poukisa
moun alèkile yo renmen mande mirak konsa? Se vre wi
sa m'ap di nou la a: yo p'ap jwenn okenn mirak. 13 Apre
sa, li vire do l' ba yo, li tounen nan kannòt la; li pati pou
lòt bò lanmè a. 14 Men, disip yo te bliye pran lòt pen:
yo te gen yon sèl grenn pen avè yo nan kannòt la. 15
Jezi ba yo lòd sa a: -Fè atansyon. Pran prekosyon nou
avèk ledven farizyen yo ansanm avèk ledven Ewòd la.
16 Disip yo pran pale pou kont yo, yonn t'ap di lòt: -Se
paske nou pa gen pen kifè l' di nou sa. 17 Jezi vin konnen
sa yo t'ap di konsa. Li mande yo: -Poukisa n'ap di: se
paske nou pa gen pen? Se konnen nou pa konnen? Nou
poko ka konprann toujou? Se bouche lespri nou bouche
konsa? 18 Gen lè nou pa wè nan je nou? Nou pa tande
nan zòrèy nou? Se bliye nou gen tan bliye? 19 Lè m' te
separe senk pen bay senkmil (5,000) moun yo, konbe
panyen plen moso nou te pote ale? Yo reponn li: -Douz
panyen. 20 Jezi mande yo anko: -Lè m' te separe sèt pen
bay katmil (4.000) moun yo, konbe panyen plen moso nou
te pote ale? Yo reponn li: -Sèt panyen. 21 Lè sa a li di yo:
-Nou pa konprann toujou? 22 Apre sa, y' ale Betsayda. Yo
mennen yon nonm avèg bay Jezi. Yo mande li pou l' te
manyen li. 23 Jezi pran men avèg la, li mennen l' soti
nan bouk la. Li pran ti gout krache, li mete nan je avèg
la. Apre sa, li mete men l' sou tèt avèg la: Li mande li: -
Eske ou wè kichòy? 24 Avèg la louvri je l', li di: -Mwen wè
moun k'ap mache; yo sanble pyebwa. 25 Jezi remete
men l' ankò nan je l' yo. Lè sa a, avèg la wè klè nèt. Li te
geri, li te wè tout bagay klè. 26 Jezi voye l' al lakay li, li di
l' konsa: -Pa antre nan bouk la. 27 Jezi pati apre sa avèk
disip li yo; li ale nan tout bouk ki te nan rejyon Sezare

Filip la. Antan yo t'ap mache, li poze yo keksyon sa a: -Ki
moun yo di mwen ye en? 28 Yo reponn li: -Gen moun ki di
se Jan Batis ou ye. Gen lòt ki di ou se Eli; gen lòt ankò ki
di ou se yonn nan pwofèt yo. 29 Li mande yo ankò: -Bon,
nou menm, ki moun nou di mwen ye? Pyè reponn li: -
Ou se Kris la. 30 Lè sa a, Jezi ba yo lòd byen sevè pou
yo pa di pèsonn sa. 31 Apre sa, li kòmanse di disip li
yo yon bann bagay. Li di yo konsa: -Mwen menm, Moun
Bondye voye nan lachè a, mwen gen pou m' soufri anpil.
Chèf fanmi yo, chèf prèt yo, dirèktè lalwa yo, yo yonn p'ap
vle wè mwen. Y'ap fè touye m'. Men sou twa jou, mwen
gen pou m' leve soti vivan pami mò yo. 32 Li t'ap pale
konsa aklè ak yo. Pyè rele l' sou kote, li di li: -Pa pale
konsa non. 33 Men Jezi vire tèt li, li gade disip li yo. Li
pale sevè ak Pyè, li di li konsa: -Wete kò ou sou mwen,
Satan! Paske, lide ou pa sou sa Bondye vle, men sou sa
lèzòm ta vle. 34 Lè sa a Jezi rele foul moun yo ansanm
avèk disip li yo, li di yo konsa: -Si yon moun vle mache
dèyè m', se pou l' bliye tèt li, se pou l' chaje kwa l' sou
zepòl li epi swiv mwen. 35 Paske, moun ki ta vle sove lavi
l' va pèdi li. Men, moun ki va pèdi lavi l' poutèt mwen ak
bon nouvèl la, li va sove li. 36 Kisa sa ta sèvi yon moun
pou li ta genyen lemonn antye si l' pèdi lavi li? 37 Ou
ankò, kisa yon nonm kapab bay pou l' gen lavi? 38 Si
yon moun wont di se moun mwen li ye, si li wont pale
pawòl mwen nan mitan bann moun alèkile yo ki vire do
bay Bondye pou viv nan peche, enben, mwen menm tou,
Moun Bondye voye nan lachè a, lè m'a tounen avèk zanj
Bondye yo nan tout bèl pouvwa Papa m' lan, m'a wont
pran li pou moun pa m' tou.

9 Li di yo ankò: -Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Nan
moun ki la koulye a gen ladan yo ki p'ap mouri san yo
pa wè Bondye vin pran gouvènman an nan men l' avèk
pouvwa. 2 Sis jou apre sa, Jezi pran Pyè, Jak ak Jan; li
mennen yo pou kont yo sou tèt yon mòn byen wo. Figi l'
chanje la devan yo; 3 rad li vin klere tou blan. Pa gen
lesivyèz sou latè ki kapab blanchi konsa. 4 Twa disip yo
wè Eli ak Moyiz parèt, yo t'ap koze avèk Jezi. 5 Pyè pran
lapawòl, li di Jezi konsa: -Mèt, sa te bon nèt pou nou te
la. N'ap moute twa ti kay, yonn pou ou, yonn pou Moyiz,
yonn pou Eli. 6 Li pa t' konnen sa pou l' te di tèlman yo te
pè. 7 Yon nwaj vin kouvri yo, epi yon vwa moun soti nan
nwaj la, li di: -Sa se pitit mwen renmen anpil la. Koute li. 8
Menm lè a, disip yo vire tèt yo, yo gade adwat, yo gade
agoch, men yo pa wè pesonn pase Jezi ki te pou kont li
avèk yo. 9 Antan yo t'ap desann mòn lan, Jezi pale sevè
avèk yo: -Pa di pesonn sa nou sot wè la a, jouk mwen
menm, Moun Bondye voye nan lachè a, m'a leve soti
vivan pami mò yo. 10 Yo te kenbe pawòl la sekrè, men
yonn t'ap di lòt: -Sa sa vle di menm: leve soti vivan pami
mò yo? 11 Twa disip yo poze l' keksyon sa a: -Poukisa
dirèktè lalwa yo di: Se pou Eli vin anvan. 12 Li reponn yo:
-Se vre wi. Eli gen pou l' vin anvan pou l' mete tout bagay
nan lòd. Men, ki jan yo te fè ekri tou: Moun Bondye voye
nan lachè a gen pou l' soufri anpil, yo p'ap manke pase l'
nan betiz? 13 Men mwen menm, mwen di nou: Eli vini
deja, yo fè sa yo te vle ave l', jan sa te ekri sou li a. 14 Lè
yo rive bò kote lòt disip yo, yo wè yo nan mitan yon mas
moun. Te gen kèk dirèktè lalwa la tou ki t'ap diskite avèk
yo. 15 Lè foul moun yo wè Jezi, sezisman pran yo, yo tout
kouri vin di l' bonjou. 16 Li mande disip li yo: -Sa n'ap
diskite konsa? 17 Yon nonm nan foul moun yo reponn li: -
Mèt, mwen te mennen ti gason m' lan ba ou; li anba yon
move lespri ki rann li bèbè. 18 Nenpòt ki kote lespri a
pran l', li fese l' atè. Lè konsa, tibway la kimen, li manje
dan l', epi li vin tou rèd. Mwen te mande disip ou yo pou
yo chase lespri a sot sou li, men yo pa t' kapab. 19 Jezi di
yo: -Ala moun san konfyans nan Bondye! Jouk kilè pou m'
rete nan mitan nou? Jouk kilè pou m' sipòte nou? Mennen
tibway la ban mwen. 20 Yo mennen l' ba li. Kou ti nonm
lan wè Jezi, move lespri a souke l' byen souke. Ti gason
an tonbe atè, li woule, li kimen. 21 Jezi mande papa a: -
Depi konbe tan li konsa? Papa a reponn li: -Depi li tou
piti wi. 22 Anpil fwa menm, move lespri a jete l' nan dife,
osinon nan dlo pou touye li. Men, si ou kapab fè kichòy,
tanpri, ede nou. Gen pitye pou nou! 23 Jezi di li: -Si m'
kapab menm! ...Tout bagay posib wi pou moun ki met
konfyans yo nan Bondye. 24 Menm lè a, papa tibway la di
byen fò: -Mwen gen konfyans nan Bondye! Men, vin ede
m' pou m' sa gen plis konfyans toujou. 25 Lè Jezi wè foul
moun yo ap kouri vini, li pale sevè avèk move lespri a, li di
li: -Espri bèbè, espri soudè, se mwen k'ap kòmande ou:
soti sou tibway la, pa janm antre sou li ankò. 26 Move
lespri a souke tibway la byen souke; li bay yon gwo rèl,
epi li soti, li ale. Ti gason an te rete tankou si l' te mouri
atè a, kifè anpil moun te gen tan ap di: -Li mouri wi. 27
Men Jezi pran men l', li fè l' leve. Lamenm, ti gason an
kanpe. 28 Antre Jezi antre nan kay la, disip yo pran l' apa,
epi yo di li: -Poukisa nou pa t' kapab chase lespri sa a?
29 Li di yo: -Se lapriyè sèlman ki pou fè kalite lespri sa a
soti. 30 Yo soti kote yo te ye a, yo travèse peyi Galile.
Jezi pa t' vle moun konnen kote li te ye, 31 paske li t'ap
moutre disip li yo anpil bagay. Li di yo: -Mwen menm,
Moun Bondye voye nan lachè a, mwen pral tonbe anba
men lèzòm, yo pral touye mwen. Men, sou twa jou mwen
gen pou m' leve soti vivan nan lanmò. 32 Men, disip yo pa
t' konprann sans pawòl sa a: epi yo te pè poze l' keksyon.
33 Yo rive Kapènawòm. Rive li rive nan kay la, Jezi mande
yo: -Kisa nou t'ap pale konsa nan chemen an? 34 Pesonn
pa louvri bouch yo reponn, paske nan chemen an, yo t'ap
diskite pou konnen kilès nan yo ki te pi grannèg. 35 Lè sa
a Jezi chita, li rele douz disip yo, li di yo konsa: -Si yon
moun vle pou l' nan premye plas la, fòk li mete l' dèyè
nèt, fòk li sèvi tout moun. 36 Epi li pran yon timoun piti,
li mete l' nan mitan yo. Li pran timoun lan nan bra l', li
di yo konsa: 37 -Nenpòt moun ki resevwa yon timoun
konsa poutèt mwen, se mwen menm menm li resevwa.
Nenpòt moun ki resevwa m', se pa mwen li resevwa, men
se moun ki voye m' lan li resevwa. 38 Jan di l' konsa: -
Mèt, nou te wè yon nonm ki pran non ou pou chase move

lespri. Nou te vle anpeche l' fè sa, paske li pa t'ap mache
avèk nou. 39 Jezi reponn li: -Kite l' non. Paske yon moun
ki pran non m' pou fè mirak pa kapab pale m' mal apre sa.
40 Moun ki pa kont nou, se moun pa nou li ye. 41 Sa m'ap
di la a, se vre wi: nenpòt moun ki va ban nou yon gode
dlo paske se moun Kris la nou ye, li pa gen dwa pèdi
rekonpans li. 42 Kanta moun ki fè yonn nan timoun sa yo
ki kwè nan mwen tonbe nan peche, li ta pi bon pou li si yo
te mare yon gwo wòl moulen nan kou l', voye li jete nan
lanmè. 43 Si se men ou ki pou ta fè ou tonbe nan peche,
koupe l', voye l' jete. Pito ou antre nan lavi a ak yon sèl
men, pase pou ou rete ak tou de men ou, apre sa pou ou
al nan lanfè, kote dife a pa janm mouri. **(Geenna g1067)** 44
Nan lanfè, dife sa a ansanm ak vè k'ap manje kadav yo
pa janm mouri. **(questioned)** 45 Si se pye ou ki pou ta fè ou
tonbe nan peche, koupe l', voye li jete. Pito ou antre nan
lavi a ak yon sèl pye, pase pou ou rete ak de pye ou, apre
sa pou yo jete ou nan lanfè. **(Geenna g1067)** 46 Nan lanfè,
dife sa a ansanm ak vè k'ap manje kadav yo pa janm
mouri. **(questioned)** 47 Si se je ou ki pou ta fè ou tonbe
nan peche, rache l' voye l' jete. Pito ou antre nan Peyi
kote Bondye Wa a ak yon sèl je, pase pou ou rete ak tou
de je ou, apre sa pou yo jete ou nan lanfè. **(Geenna g1067)**
48 La, dife a ansanm ak vè k'ap manje kadav yo pa janm
mouri. 49 Paske, tout moun ap sale ak dife. 50 Sèl, se yon
bon bagay. Men, si sèl la pèdi gou l', ak kisa poun sale l'
ankò? Mete sèl nan kè nou, epi viv byen yonn ak lòt.

10 Jezi kite kote l' te ye a; li ale nan rejyon Jide ki lòt bò
larivyè Jouden an. La ankò, foul moun yo te sanble
bò kote l'; li t'ap moutre yo anpil bagay, jan l' te toujou
konn fè a. 2 Kèk farizyen pwoche bò kote l' pou yo wè si
yo te kapab pran l' nan pèlen. Yo mande li: -Eske lalwa
nou pèmèt yon nonm kite ak madanm li? 3 Li reponn
yo: -Kisa Moyiz te ban nou lòd fè? 4 Yo di l': -Moyiz te
pèmèt pou yon nonm ekri madanm li yon papye divòs
anvan pou l' kite avèk li. 5 Lè sa a, Jezi di yo: -Moyiz te
ekri kòmandman sa a pou nou paske nou gen tèt di. 6
Men, nan konmansman, lè Bondye t'ap kreye tout bagay,
Bondye te fè gason ak fi. 7 Se poutèt sa, gason an va kite
papa l' ak manman l', pou l' mete tèt ansanm ak madanm
li. 8 Tou de va fè yon sèl kò. Konsa, yo p'ap de ankò,
men yo fè yon sèl. 9 Se poutèt sa pesonn pa gen dwa
separe sa Bondye mete ansanm. 10 Lè yo antre nan kay
la, disip yo poze l' keksyon ankò sou bagay sa a. 11 Li di
yo konsa: -Si yon nonm kite ak madanm li pou li al marye
ak yon lòt, li fè adiltè sou madanm li. 12 Menm jan an tou,
si yon fanm kite ak mari l' pou li al marye ak yon lòt, fanm
lan fè adiltè. 13 Yo te mennen kèk timoun bay Jezi pou l'
te mete men sou tèt yo. Men disip yo t'ap di moun yo pa
fè sa. 14 Lè Jezi wè sa, li pa t' kontan menm. Li di disip
yo: -Kite timoun yo vin jwenn mwen non. Pa anpeche yo
vini, paske Peyi kote Bondye Wa a, se pou tout moun ki
tankou timoun sa yo. 15 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Si
yon moun pa asepte otorite Bondye a tankou yon timoun,
li p'ap janm ka mete pye l' nan Peyi kote Bondye Wa a. 16
Apre sa, li pran timoun yo nan bra l', li mete men l' sou tèt
yo chak, li beni yo. 17 Antan Jezi t'ap soti pou li al fè wout
li, yon nonm kouri vini. Li lage kò l' ajenou devan Jezi, li
mande li: -Bon Mèt, kisa pou m' fè pou m' resevwa lavi ki
p'ap janm fini an? **(aiōnios g166)** 18 Jezi di li: -Poukisa ou
rele m' bon? Se yon sèl bon ki genyen, se Bondye. 19 Ou
konn kòmandman yo: Piga ou touye moun; piga ou fè
adiltè; piga ou vòlè; piga ou fè manti sou moun; piga ou
twonpe moun; respekte papa ou ak manman ou. 20 Li
reponn Jezi: -Mèt, mwen swiv tout bagay sa yo depi m' te
ti katkat. 21 Jezi gade nonm lan, li renmen l', epi l' di li: -
Yon sèl bagay ou manke: Ale vann tou sa ou genyen,
separe lajan an bay pòv. Apre sa, wa gen yon richès nan
syèl la. Epi vin swiv mwen. 22 Men pawòl sa a te fè nonm
lan lapenn anpil. Li vin kagou, li vire do l', li ale, paske li te
gen anpil byen. 23 Apre sa, Jezi gade disip li yo ki te bò
kote l' la, li di yo: -Sa ap difisil nèt pou moun rich antre
nan Peyi kote Bondye Wa a. 24 Disip li yo te sezi anpil lè
yo tande pawòl sa a. Men Jezi di yo konsa: -Mezanmi,
sa ap difisil nèt pou moun antre nan peyi kote Bondye
Wa a. 25 L'ap pi fasil pou gwo bèt yo rele chamo a pase
nan je yon zegwi pase pou yon moun rich antre nan peyi
kote Bondye Wa a. 26 Disip yo te pi sezi toujou, yonn
t'ap di lòt: -Nan kondisyon sa a, ki moun ki ka sove? 27
Jezi gade yo nan je, li di yo konsa: -Moun pa ka fè sa,
men Bondye ka fè l', paske pa gen anyen Bondye pa ka
fè. 28 Lè sa a, Pyè di li: -Men koute non, nou kite tout
bagay pou nou swiv ou. 29 Jezi reponn li: -Sa m'ap di nou
la a, se vre wi: nenpòt moun ki kite kay li, osinon frè l',
osinon manman l', osinon papa l', osinon pitit li, osinon
jaden l', pou sèvis mwen ak pou sèvis bon nouvèl la, 30
moun sa a gen pou l' resevwa, depi koulye a, nan tan
sa a, san (100) fwa plis pou sa l' te kite a: kay, frè, sè,
manman, pitit, jaden ansanm avèk tout kalite pèsekisyon;
epi nan tan k'ap vini apre sa a, li gen pou l' resevwa lavi ki
p'ap janm fini an. **(aiōn g165, aiōnios g166)** 31 Men, anpil
nan moun ki devan yo va rete dèyè, anpil nan moun ki
dèyè yo va pran devan. 32 Lè sa a, yo te pran chemen
moute lavil Jerizalèm, Jezi t'ap mache devan yo. Yon sèl
kè sere pran disip yo. Tout moun ki t'ap swiv yo te pè tou.
Jezi pran douz disip yo apa ankò, li kòmanse di yo sa ki
te gen pou rive li. 33 Li di yo: -Tande! Men n'ap moute
lavil Jerizalèm, kote yo pral lage m', mwen menm, Moun
Bondye voye nan lachè a, nan men chèf prèt yo ak nan
men dirèktè lalwa yo. Yo pral kondannen m' amò, y'ap
lage m' bay moun lòt nasyon yo. 34 Moun lòt nasyon sa
yo va pase m' nan rizib byen pase, y'a krache sou mwen,
y'a bat mwen ak kout fwèt, apre sa y'a touye mwen. Men
sou twa jou, m'a leve soti vivan nan lanmò. 35 Apre sa,
de pitit Zebede yo, Jak ak Jan, pwoche bò kot Jezi, yo di
l' konsa: -Mèt, nou ta renmen ou fè sa nou pral mande ou
la a pou nou. 36 Li di yo: -Kisa nou ta vle m' fè pou nou?
37 Yo di li: -Fè nou chita yonn sou bò dwat ou, lòt la sou
bò gòch ou, lè wa nan tout bèl pouvwa ou. 38 Jezi reponn
yo: -Nou pa konnen sa n'ap mande la a. Eske nou ka bwè

nan menm gode mwen pral bwè a? Eske nou ka resevwa
menm batèm mwen pral resevwa a? 39 Yo di li: -Nou
kapab. Jezi reponn yo: -Se vre. n'a bwè nan menm gode
mwen pral bwè a, epi n'a resevwa menm batèm mwen
pral resevwa a. 40 Men, kanta pou chita sou bò dwat
osinon sou bò gòch mwen an, se pa mwen ki bay sa. Plas
sa yo, Bondye rezève yo pou moun li vle. 41 Lè dis lòt
disip yo tande sa, yo pa t' manke fache sou Jak ak Jan.
42 Jezi rele yo, li di yo konsa: -Nou konnen ki jan moun
ki pase pou chèf nasyon yo trete pèp la tankou esklav;
grannèg yo renmen fè moun santi jan yo gen pouvwa. 43
Men, se pa konsa pou sa fèt nan mitan nou. Okontrè,
si yonn nan nou ta vle vin grannèg, se pou l' sèvi nou
tout. 44 Si yonn nan nou ta vle chèf, se pou l' esklav nou
tout. 45 Paske, mwen menm, Moun Bondye voye nan
lachè a, mwen pa vini pou moun rann mwen sèvis, men
mwen vini pou m' rann moun sèvis. Wi, mwen vin bay
lavi m' pou peye delivrans anpil moun. 46 Yo te rive lavil
Jeriko. Lè sa a, Jezi t'ap soti kite bouk la ansanm avèk
disip li yo ak yon gwo foul moun. Te gen yon nonm avèg
chita bò chemen an ki t'ap mande charite. Yo te rele l'
Batime, pitit Time. 47 Lè li tande se Jezi, moun Nazarèt
la, ki t'ap pase, li pran rele: -Jezi, pitit David la, gen pitye
pou mwen. 48 Anpil moun t'ap kouri dèyè l' pou te fè l' pe
bouch li, men li t'ap rele pi rèd: -Pitit David la, gen pitye
pou mwen. 49 Jezi kanpe, li di konsa: -Rele l' pou mwen.
Yo rele avèg la, yo di li: -Pran kouray, leve, men li ap rele
ou. 50 Avèg la voye rad li jete, se vole li t'ap vole pou l' te
vin bò kot Jezi. 51 Jezi mande li: -Kisa ou vle m' fè pou
ou? Avèg la reponn li: -Mèt, fè m' wè ankò. 52 Jezi di li: -
Ale non, se konfyans ou nan Bondye ki geri ou. Menm lè
a, avèg la wè, epi li swiv Jezi nan chemen an.

11 Yo t'ap pwoche bò Jerizalèm, bò bouk Betfaje ak
Betani, yo te rive sou mòn Oliv l'a. Lè sa a, Jezi
voye de nan disip li yo. 2 Li di yo: -Ale nan bouk ki devan
nou an. Lè n'a rive, n'a jwenn yon jenn ti bourik mare.
Pesonn poko janm moute sou li. Lage l', mennen l' ban
mwen. 3 Nenpòt moun ki mande nou poukisa n'ap fè
sa, nou mèt reponn: Se Mèt la ki bezwen li. L'ap voye ti
bourik la tounen touswit. 4 Lè disip yo ale, yo jwenn jenn
ti bourik la mare deyò nan lari a, devan pòt yon kay. Yo
lage li. 5 Kèk moun ki te la di yo konsa: -Sa n'ap fè la
a? Pouki n'ap lage ti bourik la? 6 Disip yo reponn jan
Jezi te di yo reponn lan. Epi moun yo kite yo ale. 7 Yo
mennen ti bourik la bay Jezi; yo mete rad sou do li, epi
Jezi moute chita. 8 Anpil moun te tann rad yo atè sou
tout chemen an. Gen lòt ki te koupe branch bwa nan
jaden pou mete atè nan chemen an. 9 Ni moun ki t'ap
mache devan Jezi yo, ni moun ki t'ap mache dèyè l' yo,
yo tout t'ap rele byen fò: -Lwanj pou Bondye! Benediksyon
pou moun ki vini nan non Mèt la. 10 Wi, benediksyon
pou gouvènman k'ap vini an, pou gouvènman wa David,
papa nou. Lwanj pou Bondye jouk anwo nan syèl la! 11
Jezi antre lavil Jerizalèm; li ale nan tanp lan. Li voye je l'
sou tout bagay. Apre sa, li ale Betani avèk douz disip li
yo paske li te fin ta. 12 Nan denmen, antan yo t'ap soti
Betani, Jezi te grangou. 13 Depi byen lwen, li wè yon pye
fig frans ki te plen fèy. li al wè si li ta jwenn kèk fig frans
sou li. Men, lè li rive kote l', se fèy ase li jwenn, paske se
pa t' sezon fig frans. 14 Lè sa a, Jezi pale ak pye fig frans
lan, li di li: -Pesonn p'ap janm manje fig ou donnen ankò.
Disip yo te tande sa l' te di a. (aiōn g165) 15 Apre sa, yo
rive Jerizalèm, Jezi antre nan tanp lan. Li pran chase tout
moun ki t'ap vann ak tout moun ki t'ap achte nan tanp lan.
Li chavire tab moun ki t'ap chanje lajan yo ansanm ak
chèz moun ki t'ap vann pijon yo. 16 Li pa t' pèmèt pesonn
travèse tanp lan ak bagay nan men yo. 17 Li t'ap moutre
moun yo anpil bagay, li di yo: -Men sa ki ekri, pa vre:
y'a rele kay mwen an kay kote moun tout nasyon ka vin
lapriyè. Men nou menm, nou fè l' tounen yon kachèt pou
vòlò. 18 Lè chèf prèt yo avèk dirèktè lalwa yo tande sa, yo
t'ap chache yon jan pou yo fè touye l'; paske yo te vin pè
l', lèfini, pawòl li t'ap moutre moun yo te aji anpil sou foul
moun yo. 19 Lè solèy fin kouche, Jezi soti kite lavil la
ansanm ak disip li yo. 20 Nan denmen maten, byen bonè,
antan yo t'ap pase sou wout la, disip yo wè pye fig frans la
cheche jouk nan rasen. 21 Pyè vin chonje sak te pase. Li
di Jezi konsa: -Mèt, gade pye fig frans ou te madichonnen
an. Li cheche wi. 22 Lè sa a, Jezi pran lapawòl, li di yo: -
Se pou nou toujou gen konfyans nan Bondye. 23 Sa m'ap
di nou la a, se vre wi: si yon moun di mòn sa a: Wete kò
ou la, al jete ou nan lanmè, si l' pa gen doutans nan kè l'
menm, si l' gen fèm konviksyon sa l' di a gen pou rive, la
wè l' rive vre. 24 Se pou sa mwen di nou: Tou sa n'ap
mande lè n'ap lapriyè, si nou gen fèm konviksyon nou
resevwa l' deja, n'a wè sa rive vre. 25 Lè nou kanpe poun
lapriyè, si nou gen yon moun nan kè nou, padonnen l',
pou Papa nou ki nan syèl la ka padonnen peche nou yo
tou. 26 Men, si nou pa padonnen lòt moun yo, Papa nou
ki nan syèl la p'ap padonnen peche nou yo tou. 27 Se
konsa, yo tounen lavil Jerizalèm ankò. Pandan Jezi t'ap
pwonmennen nan tanp lan, chèf prèt yo, dirèktè lalwa yo
ak chèf fanmi yo te vin bò kote li. 28 Yo di l' konsa: -Ki
dwa ou genyen pou w'ap fè tout bagay sa yo? Kilès ki ba
ou otorite pou fè yo? 29 Jezi reponn yo: -Mwen pral poze
nou yon sèl keksyon tou. Si nou reponn mwen, m'a di nou
ak ki otorite m'ap fè bagay sa yo. 30 Ki moun ki te voye
Jan batize moun: Bondye osinon moun? Reponn mwen
non. 31 Men, yonn t'ap di lòt konsa: -Si nou reponn: Se
Bondye ki voye l', la mande nou poukisa nou pa t' kwè li.
32 Si nou reponn: Se moun ki voye l'... oum! Yo te pè pèp
la, paske tout moun sa yo te pran Jan Batis pou yon bon
pwofèt. 33 Lè sa a yo reponn Jezi: -Nou pa konnen. Jezi
di yo: -Enben, mwen menm tou, mwen p'ap di nou avèk ki
otorite mwen fè bagay sa yo.

12 Apre sa, Jezi pran rakonte yo yon parabòl. -Vwala,
se yon nonm ki te plante yon jaden rezen. Li fèmen
l' ak yon lantouraj, li fouye yon basen pou kraze rezen yo,
li bati yon kay pou moun k'ap veye jaden an. Apre sa, li
antann li avèk kèk moun ki pou okipe jaden an pou li. Li

pati, li al nan vwayaj. 2 Lè sezon rekòt la rive, li voye yon
domestik bò kote moun ki t'ap okipe jaden an pou li. Li te
voye chache pòsyon pa l' nan rekòt rezen an nan men yo.
3 Yo mete men sou domestik la, yo bat li byen bat, epi yo
voye l' tounen bay mèt jaden an san yo pa ba l' anyen.
4 Mèt jaden an voye yon lòt domestik bò kote yo ankò.
Fwa sa a menm, yo bat li nan tèt ase, epi yo joure l' byen
joure. 5 Mèt jaden an voye yon twazyèm domestik, yo
touye sa a. Li voye anpil lòt ankò: gen sa yo bat, gen sa
yo touye. 6 Sèl moun mèt jaden an te rete pou l' te voye,
se pitit gason li te renmen anpil la. Li voye l' an dènye bò
kote yo. Li t'ap di nan kè l': Omwens y'a gen respè pou
gason m' lan. 7 Men, kiltivatè yo yonn di lòt: Men eritye a.
Ann mete tèt nou ansanm. Ann touye l', konsa jaden an
va vin pou nou. 8 Yo mete men sou li, yo touye l', epi yo
jete kò a deyò lòt bò jaden an. 9 Bon! Kisa mèt jaden an
gen pou l' fè ankò? La vini, la fè touye tout kiltivatè yo, epi
la bay lòt moun jaden rezen an. 10 Eske nou pa li pawòl
ki ekri a? Mwen sèten nou li l' deja: Wòch moun ki t'ap
bati yo te voye jete a, se li menm ki tounen wòch ki kenbe
kay la. 11 Sa se travay Mèt la. Se bèl bagay pou nou wè
sa. 12 Chèf jwif yo t'ap chache mete men sou li, paske yo
te konnen byen se pou yo Jezi te di parabòl sa a. Men, yo
te pè mas pèp la. Yo kite l', y' al fè wout yo. 13 Yo te voye
kèk farizyen ansanm ak kèk nan patizan Ewòd yo bò kot
Jezi pou wè si yo te ka pran yon pawòl nan bouch li pou
akize li. 14 Yo vin di l' konsa: -Mèt, nou konnen ou se
moun ki kare, ou pa pè pesonn, paske ou pa gade sou
figi moun. Men, ou moutre chemen Bondye a jan li ye a.
Manyè di nou: èske lalwa pèmèt nou peye Seza lajan
kontribisyon an? Eske nou dwe peye li? Wi ou non? 15
Men Jezi te konnen yo gen lòt lide dèyè tèt yo; li reponn
yo: -Pouki n'ap chache pran m' nan pèlen konsa? Pote
yon pyès lajan ban mwen pou m' gade yon bagay. 16 Yo
pote yon pyès lajan ba li. Jezi mande yo: -Pòtre ki moun
ak non ki moun ki sou pyès lajan an? Yo reponn li: -Se
pòtre Seza ak non Seza. 17 Lè sa a, li di yo: -Bay Seza
sa ki pou Seza, bay Bondye sa ki pou Bondye. Pawòl sa
a te fè yo pi sezi ankò. 18 Sadiseyen yo se yon gwoup
jwif ki di moun mouri pa leve. Yo vin bò kot Jezi ak yon
keksyon. Yo di l' konsa: 19 -Mèt, Moyiz te ekri lòd sa a
ban nou: Yon nonm ki gen frè, si l' mouri kite madanm
li san pitit, frè a gen pou l' marye avèk madanm defen
an pou li sa fè pitit pou frè l' ki mouri a. 20 Se konsa,
te gen sèt frè. Premye a marye, li mouri san l' pa kite
pitit. 21 Dezyèm lan marye avèk vèv la. Li mouri tou san
l' pa kite pitit. Menm bagay la rive twazyèm lan tou. 22
Konsa konsa, tout sèt frè yo marye ak fanm lan epi yo
yonn pa kite pitit. Apre yo tout fin mouri, li menm tou fanm
lan mouri. 23 Lè mò yo va gen pou yo leve, madanm
kilès nan yo li pral ye la a, paske li te madanm tout sèt frè
yo? 24 Jezi reponn yo: -Nou nan lerè wi. M'ap di nou
poukisa: Nou pa konprann sa ki ekri a, nou pa konnen
pouvwa Bondye. 25 Lè mò yo va gen pou yo leve, fanm
ak gason pa nan marye ankò. Tout moun pral viv tankou
zanj Bondye nan syèl la. 26 Pou keksyon mò yo k'ap leve
vivan ankò a, èske nou pa li nan Liv Moyiz la sa Bondye
te di l' bò touf bwa a: Mwen se Bondye Abraram, Bondye
Izarak, Bondye Jakòb? 27 Bondye se Bondye moun vivan
li ye, li pa Bondye moun mouri. Nou wè nou nan lerè
anpil, pa vre? 28 Yonn nan dirèktè lalwa yo te tande jan
yo t'ap diskite. Li wè Jezi te byen reponn sadiseyen yo.
Lè sa a, li pwoche bò kote l', li mande li: -Kilès nan tout
kòmandman yo ki pi konsekan an? 29 Jezi reponn li: -
Men kòmandman ki pi konsekan an: Koute, nou menm
pèp Izrayèl: Mèt la, Bondye nou, se li ki sèl Mèt la. 30 Se
pou ou renmen Mèt la, Bondye ou, avèk tout kè ou, avèk
tout nanm ou, avèk tout lide ou, avèk tout fòs ou. 31 Men
dezyèm kòmandman an: Se pou ou renmen frè parèy ou
tankou ou renmen pwòp tèt pa ou. Pa gen lòt kòmandman
ki pi konsekan pase sa yo. 32 Lè sa a, dirèktè lalwa a di
li: -Se sa menm, Mèt. Sa ou di a se vre. Met nou an se
sèl Bondye ki genyen. Pa gen lòt pase li. 33 Jan ou di a,
se pou nou renmen l' ak tout kè nou, tout lespri nou, tout
fòs nou, epi se pou nou renmen frè parèy nou tankou
nou renmen pwòp tèt pa nou. Sa pi bon lontan pase tout
ofrann n'ap boule pou Bondye ansanm ak tout lòt bèt n'ap
ofri pou touye pou li. 34 Jezi wè nonm lan te fè l' yon
repons moun ki gen konprann, lè sa a li di li: -Ou menm,
ou pa lwen peyi kote Bondye Wa a non. Apre sa, pesonn
pa t' gen odas poze l' keksyon ankò. 35 Pandan Jezi t'ap
moutre moun yo anpil bagay nan tanp lan, li di yo: -Ki jan
dirèktè lalwa yo fè di Kris la se pitit pitit David li ye? 36
Poutan, men sa David te di (se Sentespri menm ki te fè l'
di l'): Bondye te di Seyè mwen an: Chita la sou bò dwat
mwen, jouk tan mwen fè lènmi ou yo tounen yon ti ban
pou lonje pye ou. 37 Si David rele Kris la Seyè, ki jan pou
Kris la ta ka pitit pitit David? Yon pakèt moun t'ap koute
Jezi avèk plezi. 38 Nan sa li t'ap moutre moun yo, li di yo
konsa: -Pran prekosyon nou avèk dirèktè lalwa sa yo. Yo
renmen pwonmennen avèk wòb long yo, yo renmen moun
di yo bonjou jouk atè lè yo sou plas piblik. 39 Lè y' al
nan sinagòg, yo chita kote pou tout moun wè yo. Nan
resepsyon yo chache pi bon plas la. 40 Se piye y'ap piye
malerèz yo, an menm tan y'ap plede fè lapriyè byen long
pou parèt pi bon. Kondannasyon yo pral pi rèd. 41 Apre
sa, Jezi te chita vizaviz ak bwat kote yo mete ofrann nan
tanp lan. Li t'ap gade moun yo ap mete lajan ladan li.
Plizyè moun rich t'ap mete anpil lajan. 42 Yon pòv vèv vin
rive tou; li mete de ti kòb ki pa t' menm fè mwatye senk
kòb. 43 Lè sa a Jezi rele disip li yo, li di yo; -Sa m'ap di
nou la a, se vre wi: Pòv vèv sa a bay plis pase tout moun
ki mete ofrann nan bwat la. 44 Paske, tout moun sa yo
mete sa yo pa bezwen; men li menm, nan tout mizè li, li
bay tou sa l' te genyen, tout sa l' te gen pou l' viv.

13 Antan Jezi t'ap soti nan tanp lan, yonn nan disip li
yo di l' konsa: -Mèt, gade. Ala de bèl wòch! Ala yon
gwo batisman! 2 Jezi reponn li: -Ou wè gwo batisman sa
a: yon lè, p'ap gen de wòch k'ap rete kanpe yonn sou lòt
ladan li. Tou sa pral kraze nèt vide atè. 3 Jezi te chita sou

mòn Oliv la, vizaviz ak tanp lan. Pyè, Jak ak Andre te pou
kont yo avèk li. Yo poze l' keksyon sa a: **4** -Di nou kilè sa
va rive non? Ki siy ki va fè nou konnen lè tout bagay sa a
yo gen pou rive? **5** Lè sa a Jezi pran di yo: -Atansyon pou
pesonn pa twonpe nou. **6** Paske, anpil moun va vini sou
non mwen, y'a di se yo menm ki Kris la. y'a twonpe anpil
moun. **7** Lè n'a tande lagè ap fèt toupre nou, ansanm ak
nouvèl lagè k'ap fèt byen lwen, nou pa bezwen pè. Fòk
bagay sa yo rive. Men, se p'ap ankò lafen an sa. **8** Yon
pèp va goumen ak yon lòt pèp. Yon peyi va atake yon
lòt peyi; va gen tranblemanntè divès kote. Va gen anpil
grangou. Tou sa, se va tankou tranche anvan akouchman.
9 Men, nou menm, kenbe kò nou. Y'ap trennen nou devan
tribinal, y'ap bat nou nan sinagòg yo, n'ap konparèt devan
chèf gouvènman ak devan wa poutèt mwen, pou nou ka
sèvi m' temwen devan yo. **10** Anvan sa, fòk yo anonse
bon nouvèl la bay tout nasyon yo. **11** Lè y'a arete nou pou
mennen nou nan tribinal, pa kase tèt nou pou nou chache
konnen davans sa n'a pral di; men, n'a di pawòl ki va vin
nan bouch nou: paske lè sa a, se pa nou menm ki va
pale, se Sentespri a ki va mete pawòl yo nan bouch nou.
12 Frè va denonse frè pou fè touye li. Papa va denonse
pitit, pitit va leve kont manman l' ak papa l', la fè touye yo.
13 Tout moun pral rayi nou poutèt mwen; men, moun ki va
kenbe fèm jouk sa kaba, se li ki va sove. **14** Nou gen pou
nou wè bagay nou pa ta renmen wè a, bagay k'ap bay
gwo lapenn lan, chita kote l' pa t' dwe ye. (Se pou tout
moun k'ap li sa a chache konprann.) Lè sa a, tout moun ki
nan peyi Jide va blije al nan mòn. **15** Moun ki va sou tèt
kay yo va kouri met deyò san yo p'ap bezwen antre pran
zafè yo. **16** Moun ki nan jaden p'ap bezwen tounen lakay
yo pou pran rechanj yo. **17** Lè sa a, se p'ap de lapenn pou
fanm ansent ak nouris yo. **18** Lapriyè Bondye pou bagay
sa yo pa rive nan tan fredi. **19** Paske lè sa a, n'a wè yon
lafliksyon moun poko janm wè, depi nan konmansman lè
Bondye t'ap kreye latè jouk koulye a. p'ap janm gen yon
lòt tankou l' ankò. **20** Si Mèt la pa t' deside wete kèk jou
sou jou sa yo, pesonn pa t'ap sove. Men, li wete sou jou
sa yo poutèt moun li chwazi pou la ak li yo. **21** Lè sa a,
si yon moun di nou: Gade, men Kris la bò isit, osinon:
Gade, men li lòt bò a, pa kwè li. **22** Lè sa a, gen fo Kris ak
fo pwofèt k'ap parèt; y'a fè mèvèy ak mirak pou twonpe
ata moun Bondye chwazi yo, si yo ta kapab. **23** Veye kò
nou. Mwen tou di nou tout bagay sa yo davans. **24** Men
nan tan sa a, apre jou lafliksyon sa yo, solèy la p'ap klere
ankò, lalen lan p'ap bay limyè. **25** Zetwal yo va sot tonbe
nan syèl la, pouvwa yo ki nan syèl la va tranble. **26** Lè sa
a, y'a wè m', mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè
a, ap vini sou tèt nwaj yo, avèk anpil pouvwa nan mitan
yon bann bèl bagay. **27** m'a voye zanj mwen yo nan kat
kwen latè a pou sanble tout moun Bondye te chwazi yo,
depi yon bout tè a jouk nan lòt bout syèl la. **28** Pran leson
sou pye fig frans lan. Kou l' kòmanse boujonnen, kou l'
pouse fèy, nou konnen lete sou nou. **29** Menm jan an tou,
lè n'a wè bagay sa yo rive, nou mèt konnen Moun Bondye
te voye nan lachè a toupre, li la nan papòt la. **30** Sa m'ap
di nou la a, se vre wi: gen moun k'ap viv koulye a ki p'ap
gen tan mouri anvan tout bagay sa yo rive. **31** Syèl la ak
tout tè a va pase, men pawòl mwen yo p'ap janm pase. **32**
Pesonn pa konnen ni ki jou ni ki lè bagay sa yo ap rive, pa
menm zanj yo ki nan syèl la, pa menm Pitit la. Sèl Papa a
konn sa. **33** Kenbe kò nou; pa kite dòmi pran nou; paske
nou pa konnen ki lè lè a va rive. **34** Se tankou lè yon
nonm pati li al nan vwayaj. Li kite kay li nan men domestik
yo pou yo okipe l' pou li. Li bay chak moun travay pa yo
pou yo fè; li bay gadyen pòt la lòd pou l' pa dòmi. **35** Se
poutèt sa, pa kite dòmi pran nou, paske nou pa konnen ki
lè mèt kay la va vini. Se ka aswè, nan mitan lannwit, lè
kòk chante, osinon nan maten. **36** Si l' rive yon lè nou pa
t'ap tann li, piga li jwenn nou ap dòmi. **37** Sa m' di nou la
a, mwen di l' pou tout moun: Pa kite dòmi pran nou.

14 Nan de jou ankò yo tapral fete fèt Delivrans lan
ansanm ak fèt Pen san ledven an. Chèf prèt yo ak
dirèktè lalwa yo t'ap chache mwayen pou yo arete Jezi
san pesonn pa konnen, pou fè touye li. **2** Yonn t'ap di lòt:
-Nou pa kapab arete l' pandan jou fèt yo, paske sa ka
kreye dezòd nan pèp la. **3** Jezi te Betani lakay Simon,
nonm ki te gen maladi lalèp la. Pandan li te chita bò tab
la, yon fanm vin antre. Li t'ap pote yon ti boutèy fèt an
albat. Ti boutèy la te plen yon odè bon kalite ki fèt ak
yon fèy yo rele n'a ki vann byen chè. Fanm lan kase kou
boutèy la, epi li vide tout odè a sou tèt Jezi. **4** Nan moun
ki te la yo, gen ladan yo ki pa t' kontan menm, yonn t'ap di
lòt: -Pouki tout gaspiyay odè sa a? **5** Yo ta kapab vann li
twasan (300) goud pou pi ba pri, epi yo ta bay pòv lajan
an. Yo t'ap kritike fanm lan byen fò. **6** Men Jezi di yo: -Kite
l' an repo. Pouki n'ap fè l' tout lapenn sa a? Se yon bèl
bagay li fè la a pou mwen. **7** Pòv yo, n'ap toujou genyen
yo avèk nou; chak fwa nou vle, nou ka fè byen pou yo.
Men, mwen menm, nou p'ap genyen m' tout tan avèk nou.
8 Fanm lan fè sa l' te kapab. Depi davans li tou benyen kò
m' pou lantèman mwen. **9** Sa m'ap di nou la a, se vre
wi: Toupatou sou latè, kote y'a anonse bon nouvèl la, y'a
rakonte sa fanm lan fè la a tou pou yo pa janm bliye li. **10**
Lè sa a, Jida Iskariòt, yonn nan douz disip yo, leve, li al di
chèf prèt yo li te pare pou l' te fè yo pran Jezi. **11** Yo te
kontan tande sa Jida t'ap di yo, yo pwomèt pou yo ba l'
lajan. Se konsa Jida t'ap chache yon bon okazyon pou l'
te ba yo Jezi. **12** Premye jou fèt Pen san ledven an, jou
yo te konn touye ti mouton pou manje Delivrans lan, disip
yo di Jezi konsa: -Ki bò ou ta vle n' al pare Fèt Delivrans
lan? **13** Lè sa a, Jezi rele de nan disip li yo, li di yo: -
Ale lavil la; n'a kontre yon moun k'ap pote yon krich dlo:
swiv li. **14** Kote la antre a, antre dèyè li. n'a di mèt kay la:
Mèt la voye mande ou kote pyès kay pou l' manje manje
Delivrans lan avèk disip li yo. **15** La moutre nou yon gwo
chanm, tou pare tou meble, anwo kay la. Se la n'a pare
manje Delivrans lan pou nou tout. **16** Disip yo pati, yo
rive lavil la; yo jwenn tout bagay jan l' te di yo a. Epi yo

pare manje Delivrans lan. 17 Lè solèy fin kouche, Jezi vin
rive avèk douz disip yo. 18 Antan yo te chita bò tab la ap
manje, Jezi di konsa: -Sa m'ap di nou la a, se vre wi: yonn
nan nou k'ap manje avèk mwen la a pral trayi mwen. 19
Lè sa a, kè disip yo kase; yonn apre lòt yo pran mande li:
-Eske se mwen menm? 20 Li reponn yo: -Se yonn nan
nou douz la k'ap tranpe pen ansanm avè m' nan plat la.
21 Moun Bondye voye nan lachè a pral mouri, jan sa te
ekri sou li a. Men, malè pou moun k'ap trayi l' la. Li ta pi
bon pou moun sa a si li pa t' janm fèt. 22 Antan yo t'ap
manje, Jezi pranpen, li di Bondye mèsi, li kase l'; li bay
disip li yo, li di yo konsa: -Men, pran. Sa se kò mwen. 23
Apre sa, li pran yon gode diven tou, li di Bondye mèsi, li
pase l' ba yo, yo tout bwè ladan li. 24 Epi Jezi di yo: -Sa
se san mwen, san ki siyen kontra Bondye ap fè ak nou an,
san ki koule pou anpil moun. 25 Sa m'ap di nou la a, se
vre wi: mwen p'ap janm bwè diven ankò, jouk jou m'a bwè
yon diven nèf nan peyi kote Bondye Wa a. 26 Apre yo fin
chante chante fèt la, yo soti, y' ale mòn Oliv. 27 Jezi di
disip li yo: -Nou tout, nou pral kouri kite m' pou kont mwen;
paske men sak te ekri: M'ap frape gadò mouton yo, epi
tout mouton yo pral gaye nan bwa. 28 Men apre, lè m'a
leve soti vivan nan lanmò, mwen pral tann nou nan peyi
Galile. 29 Pyè di li: -Menm si tout moun ta kouri kite ou,
mwen menm mwen p'ap janm fè sa. 30 Jezi reponn li: -Sa
m'ap di ou la a, se vre wi: Jòdi a menm, pandan lannwit
sa a, anvan kòk chante de fwa, wa gen tan di twa fwa ou
pa janm konnen mwen. 31 Men, Pyè te kenbe la, li t'ap di:
-Menm si m' ta dwe mouri avè ou, mwen p'ap janm di sa.
Tout lòt disip yo t'ap di menm bagay la tou. 32 Apre sa, yo
rive yon kote yo rele Jetsemane. Jezi di disip li yo: -Chita
la, mwen pral lapriyè pi devan. 33 Li pran Pyè, Jak ak Jan
avè li. Lamenm, li santi yon frison nan rèl do l' ak yon kè
sere ki pran li. 34 Li di yo: -Mwen gen lapenn anpil. Mwen
santi se mouri mwen vle mouri. Rete la a, pa kite dòmi
pran nou. 35 Li ale yon ti kras pi lwen, li lage kò l' fas atè,
li lapriyè; li mande si se te posib pou l' pa ta bezwen soufri
tout soufri sa a. 36 Li t'ap di: -O! Papa mwen, nanpwen
anyen ou pa kapab fè. Tanpri souple, wete gode soufrans
sa a devan je mwen. Men, fè sa ou menm ou vle a. Pa
fè sa mwen menm mwen ta vle a. 37 Li tounen bò kot
disip li yo, li jwenn yo tou twa ap dòmi. Li di Pyè konsa: -
Simon! W'ap dòmi? Ou pa t' kapab rete je klè menm yon ti
moman? 38 Pa dòmi, tande! Lapriyè fò pou nou pa tonbe
anba tantasyon. Lespri nou byen dispoze, men se kò nou
ki fèb. 39 Li kite yo ankò, li al fè menm lapriyè a. 40 Apre
sa, li retounen. Li jwenn yo ap dòmi ankò paske yo pa
t' kapab kenbe je yo louvri. Yo pa t' konn sa pou yo te
reponn li. 41 Lè l' tounen twazyèm fwa a, li di yo: -N'ap
dòmi toujou? N'ap poze kò nou toujou? Sa ase koulye a.
Lè a rive; men yo pral lage Moun Bondye voye nan lachè
a nan men mechan yo. 42 Leve non. Ann ale. Men moun
k'ap trayi m' lan ap vini. 43 Jezi t'ap pale toujou lè Jida,
yonn nan douz disip yo, vin rive. Li te gen yon bann moun
ki te gen nepe ak baton nan men yo avèk li: se chèf prèt
yo ak dirèktè lalwa yo ki te voye yo avèk li. 44 Jida, nonm
ki t'ap trayi Jezi a, te gen dizon ak yo pou l' ba yo yon
siyal. Li te di yo: -Moun n'a wè m' bo a se li menm n'ap
chache a. Mete men sou li, mennen li ale, pa kite l' chape.
45 Rive Jida rive, li pwoche bò kot Jezi, li di li: -Mèt! Epi li
bo li. 46 Menm lè a, moun yo mete men sou Jezi, yo arete
li. 47 Yonn nan disip yo rale nepe l', li frape domestik
granprèt la; li koupe yon zòrèy li. 48 Jezi pran lapawòl, li
di yo: -Nou vin dèyè m' ak nepe, ak baton, tankou si m'
te yon ansasen. 49 Men, toulèjou mwen te la nan mitan
nou, mwen t'ap pale nan tanp lan; lè sa a nou pa t' janm
arete mwen. Men, tou sa pase konsa pou sa ki ekri a ka
rive vre. 50 Lè sa a tout disip yo kite l', yo pran kouri.
51 Te gen yon jenn gason ki t'ap swiv Jezi; li te gen yon
dra ase sou li. Yo mete men sou msye. 52 Men, li lage
dra a, li chape nan men yo toutouni. 53 Yo mennen Jezi
kay granprèt la. Se la tout chèf prèt yo, chèf fanmi yo ak
dirèktè lalwa yo te reyini. 54 Pyè t'ap swiv Jezi yon ti jan
lwen lwen. Li antre jouk nan fon lakou kay granprèt la. Li
te chita avèk gad yo bò dife a, li t'ap chofe kò li. 55 Chèf
prèt yo ak tout manm Gran Konsèy jwif yo t'ap chache
yon manti pou yo te fè sou Jezi pou yo te kondannen l'
amò, men yo pa t' kapab jwenn anyen menm. 56 Anpil
moun te vin fè manti sou li. Men, pawòl yo pa t' dakò. 57
Lè sa a, kèk moun leve kanpe, yo fè manti sa a sou li: 58
-Nou te tande l' di: m'a kraze tanp moun te fè a, epi nan
twa jou m'a bati yon lòt tanp moun pa ka fè. 59 Menm sou
pwen sa a yo pa t' dakò. 60 Lè sa a, granprèt la leve nan
mitan asanble a, li poze Jezi keksyon, li di l' konsa: -Ou
pa reponn anyen? Kisa mesye yo ap di sou ou konsa? 61
Jezi pa louvri bouch li, li pa reponn anyen. Granprèt la
keksyonnen li ankò, li mande l': -Eske se ou ki Kris la, Pitit
Bondye ki merite lwanj la? 62 Jezi reponn li: -Wi, se mwen
menm. Nou gen pou nou wè m', mwen menm, Moun
Bondye voye nan lachè a, chita sou bò dwat Bondye ki
gen pouvwa a, n'a wè m' tou ap vini anwo nwaj yo nan
syèl la. 63 Lè sa a, granprèt la chire rad ki te sou li a, li di:
-Sa nou bezwen temwen ankò fè? 64 Nou sot tande jan l'
pale mal sou Bondye. Sa nou di nan sa? Yo tout deklare
Jezi koupab, yo di li merite lanmò. 65 Kèk ladan yo tonbe
krache sou li, yo bouche je l', yo pran ba l' koutpwen.
Lèfini yo di li: -Si ou konnen di nou ki moun k'ap fè ou sa?
Menm gad yo pran bay Jezi souflèt. 66 Antan Pyè te anba
nan lakou a, yonn nan sèvant granprèt la vin rive. 67 Li
wè Pyè ap chofe, li gade l' byen. Li di l' konsa: -Ou menm
tou, ou te avèk Jezi, moun Nazarèt la? 68 Pyè reponn: -
Mwen pa konnen. Mwen pa konprann sa ou vle di la a.
Epi Pyè soti pou li al nan pyès devan kay la. Menm lè a,
yon kòk chante. 69 Menm sèvant lan wè l' ankò. Li pran di
moun ki te la yo: -Nonm sa a fè pati moun sa yo wi. 70
Men Pyè demanti l' ankò. Yon kadè apre, moun ki te la yo
di Pyè ankò: -Se vre, monchè. Ou fè pati moun sa yo,
ou se moun Galile. 71 Lè sa a, Pyè kòmanse di: -Mwen
mande Bondye nenpòt bagay rive m' si m' manti: mwen
pa konnen nonm n'ap pale la a. 72 Menm lè a, kòk la

chante yon dezyèm fwa. Lè sa a Pyè vin chonje pawòl
Jezi te di l' la: anvan kòk chante de fwa, w'a gen tan di
twa fwa ou pa janm konnen mwen. Epi li tonbe kriye.

15 Nan granmaten, chèf prèt yo fè yon reyinyon avèk
chèf fanmi yo, dirèktè lalwa yo ansanm ak tout
manm Gran Konsèy jwif yo pou pran yon desizyon. Apre
yo fin mare Jezi, yo mennen l' ale; yo renmèt li bay Pilat. **2**
Pilat menm mande li: -Eske ou se wa jwif yo? Jezi reponn
li: -Se ou ki di li. **3** Chèf prèt yo te depoze anpil plent sou
do li. **4** Pilat mande l' ankò: -Ou pa reponn anyen? Tande
tout plent yo depoze sou do ou. **5** Men Jezi pa reponn
anyen toujou. Sa te fè Pilat sezi anpil. **6** Pou chak fèt
Delivrans Pilat te konn lage yon prizonye. Se pèp la ki te
konn chwazi kilès. **7** Te gen yon nonm yo rele Barabas; li
te nan prizon ansanm ak kèk lòt ki t'ap konplote avèk li.
Yo te nan prizon poutèt yon nonm yo te touye yon jou yo
te pran lezam kont gouvènman an. **8** Foul moun yo moute
lakay Pilat; yo pran mande Pilat pou l' lage yon prizonye
ba yo jan li te toujou fè a. **9** Li reponn yo: -Eske nou
vle mwen lage wa jwif la ban nou? **10** Paske li te byen
konnen se jalouzi ki te pouse chèf prèt yo mennen Jezi ba
li. **11** Men, chèf prèt yo pran tèt pèp la pou yo mande Pilat
pou l' lage Barabas pito. **12** Pilat pran lapawòl ankò, li di
yo: -Enben, kisa nou vle m' fè avèk nonm yo rele wa jwif
la? **13** Yo rele byen fò: -Kloure l' sou yon kwa! **14** Pilat di
yo: -Men, ki move zak li fè konsa? Yo rele pi fò toujou: -
Kloure l' sou yon kwa! **15** Pilat te vle fè pèp la plezi: li
lage Barabas ba yo. Apre li fin fè yo bat Jezi byen bat, li
renmèt li bay sòlda yo pou y' al kloure l' sou yon kwa.
16 Sòlda yo mennen Jezi anndan bèl lakou a (sa vle di,
nan kay kòmandan an). Yo rele tout rejiman sòlda yo vini.
17 Yo mete yon gwo rad koulè wouj violèt sou Jezi; yo
trese yon kouwòn pikan, yo mete l' nan tèt li. **18** Epi yo
pran salwe l' konsa: -Bonjou, wa jwif yo! **19** Yo ba l' kou
nan tèt avèk yon baton wozo; yo krache sou li, yo mete
ajenou, yo bese tèt yo devan li. **20** Apre yo fin pase l'
nan betiz kont kò yo, yo wete gwo rad la; yo mete rad pa
l' sou li ankò; epi yo mennen l' ale pou yo kloure l' sou
yon kwa. **21** Te gen yon nonm yo rele Simon, moun peyi
Sirèn, papa Aleksann ak Rifis. Antan Simon sa a t'ap soti
nan jaden, li pase bò la, epi sòlda yo fòse msye pote kwa
Jezi a. **22** Yo mennen Jezi yon kote yo rele Gòlgota (ki vle
di: Plas zo bwa tèt la). **23** Yo te vle ba li diven melanje ak
yon siwo fèt ak lami pou l' te bwè. Men, li pa pran li. **24**
Apre yo fin kloure l' sou kwa a, yo separe rad li yo ant yo:
yo tire osò pou konnen sa ki t'ap soti pou yo chak. **25** Li te
nevè nan maten lè yo te kloure l' sou kwa a. **26** Yo te bay
kòz ki fè yo te kondannen l' lan sou yon ti pankat ki te
ekri: Wa jwif yo! **27** Yo te kloure de ansasen sou de lòt
kwa, anmenmtan avèk Jezi, yonn sou chak bò. **28** Se
konsa pawòl ki te ekri a vin rive vre: Yo mete l' ansanm ak
mechan yo. **29** Moun ki t'ap pase bò la t'ap plede joure l';
yo t'ap fè siy sou li, yo t'ap di: -Ey! Ou menm ki te vle
kraze tanp lan pou ou rebati l' nan twa jou, **30** sove tèt ou
non, desann sou kwa a. **31** Konsa tou, chèf prèt yo ak
dirèktè lalwa yo t'ap pase l' nan rizib. Yonn t'ap di lòt: -
Gade! Li sove lòt moun, li pa ka sove tèt pa li! **32** Se pou
Kris la, wa pèp Izrayèl la, desann sou kwa a koulye a.
Konsa n'a wè epi n'a kwè. Ata mesye ki te kloure sou lòt
kwa yo t'ap joure l' tou. **33** Vè midi konsa, vin gen yon
fènwa sou tout peyi a, jouk twazè nan apremidi. **34** Vè
twazè, Jezi rele byen fò: -Eloyi, Eloyi, lema sabaktani? (ki
vle di: Bondye, Bondye, poukisa ou lage m' konsa?) **35**
Nan moun ki te la yo genyen ki te tande l' pale. Yo di: -
Koute. Men l'ap rele Eli. **36** Yonn nan yo kouri, li al tranpe
yon eponj nan venèg, li mete l' nan pwent yon gòl wozo, li
lonje l' bò bouch Jezi ba l' bwè. Epi li di: -Rete! Ann wè
si Eli va vin desann li sou kwa a! **37** Men Jezi bay yon
gwo rèl, epi li mouri. **38** Rido ki te nan tanp lan chire an
de moso depi anwo jouk anba. **39** Te gen yon kaptenn
lame kanpe anfas Jezi. Lè l' wè Jezi mouri konsa, li di: -
Nonm sa a, se te pitit Bondye tout bon. **40** Te gen kèk
fanm la tou; men yo te rete lwen ap gade. Pami yo te gen
Mari, moun lavil Magdala a, Mari, manman Ti Jak ak Jòz,
ansanm ak Salome. **41** Medam sa yo t'ap swiv Jezi, se yo
ki t'ap okipe l' depi lè l' te nan peyi Galile. Te gen anpil lòt
tou ki te moute lavil Jerizalèm ansanm ak li. **42** Solèy te
fin kouche, se te jou preparasyon jwif yo (ki vle di: lavèy
jou repo a). **43** Lè sa a Jozèf, yon moun lavil Arimate,
vin rive. Se te yon manm respektab nan Gran Konsèy
jwif yo. Li menm tou li t'ap tann lè Bondye t'ap vin pran
gouvènman an nan men pa li. Li te gen kouraj ale devan
Pilat mande kò Jezi. **44** Men, Pilat te sezi lè l' vin konnen
Jezi te gen tan mouri. Li voye rele kaptenn lan, li mande l'
si Jezi te mouri depi lontan. **45** Lè kaptenn lan fin ba li
repons sèten, li bay Jozèf kò a. **46** Jozèf achte yon bèl
dra blan, li desann kò Jezi sou kwa a, li vlope l' nan dra a,
epi li mete l' nan yon kavo yo te fouye nan wòch la. Apre
sa, li woule yon gwo wòch devan bouch kavo a. **47** Mari,
moun lavil Magdala a, ansanm ak Mari, manman Jòz, t'ap
gade kote yo mete kò a.

16 Lè jou repo a te fin pase, Mari, moun lavil Magdala
a, Mari, manman Jak, ansanm ak Salome, te achte
medikaman pou y' al benyen kò Jezi. **2** Nan dimanch
maten byen bonè, solèy te fèk ap leve, medam yo ale nan
kavo a. **3** Yonn t'ap di lòt: -Ki moun ki pral woule wòch
ki devan bouch kavo a pou nou? **4** Lè yo leve je yo, yo
wè yo te gen tan woule wòch la sou kote. E se te yon
gwo wòch. **5** Yo antre nan kavo a, yo wè yon jenn gason
chita sou bò dwat la; li te gen yon wòb tou blan sou li.
Yo te sezi, yo te pè. **6** Men, jenn gason an di yo: -Nou
pa bezwen pè: N'ap chache Jezi, moun Nazarèt yo te
kloure sou kwa a? Enben, li leve soti vivan nan lanmò, li
pa isit la. Gade. Men kote yo te mete l' la. **7** Ale di disip li
yo ansanm ak Pyè, li al tann yo nan peyi Galile. Se la
y'a wè l', jan l' te di yo a. **8** Medam yo soti nan kavo a,
yo pran kouri ale. Yo t'ap tranble kou fèy bwa, yo te pè
anpil. Yo pa di pesonn anyen tèlman yo te pè. **9 (note:
The most reliable and earliest manuscripts do not include Mark
16:9-20.)** Nan dimanch maten, Jezi te leve soti vivan nan

lanmò. Premye moun li te fè wè li, se te Mari, moun lavil
Magdala a. (Se sou li Jezi te wete sèt move lespri.) **10**
Mari al pote nouvèl la bay moun ki te konn ak Jezi yo. Yo
te nan lapenn anpil, yo t'ap kriye. **11** Men, yo pa t' vle kwè
Mari, lè l' te di yo: -Jezi vivan, mwen wè l' ak de je mwen.
12 Apre sa, Jezi te parèt yon lòt jan ankò devan de nan
disip yo, antan yo te nan chemen pou ale andeyò. **13** Yo
tounen sou chemen yo vin fè lòt yo konn sa. Men, lòt yo
pa t' ankò vle kwè toujou. **14** Pita, Jezi parèt devan tout
onz disip yo yon lè yo t'ap manje. Li repwoche yo dèske
yo pa t' gen konfyans, yo t'ap fè tèt di toujou, yo pa t' kwè
moun ki te wè l' yo apre li te leve soti vivan pami mò yo.
15 Epi li di yo: -Ale toupatou sou latè, anonse Bon Nouvèl
la bay tout moun. **16** Moun ki kwè epi ki resevwa batèm
va delivre. Men, moun ki pa kwè va kondannen. **17** Moun
ki kwè va fè anpil mirak; y'a chase move lespri nan non
mwen, y'a pale lòt lang. **18** Yo ta mèt kenbe sèpan, yo ta
mèt bwè pwazon, anyen p'ap rive yo. y'a mete men sou
tèt moun malad, moun malad yo va geri. **19** Apre Seyè
Jezi te fin pale ak yo konsa, li moute nan syèl, li al chita
sou bò dwat Bondye. **20** Disip yo pati, y' al anonse Bon
Nouvèl la toupatou. Seyè a t'ap travay ansanm ak yo:
Anmenmtan li t'ap fè anpil mirak tou pou moutre sa yo t'ap
di a se vre.

Lik

1 Teofil chèf mwen, anpil moun te seye ekri istwa tout
evènman ki te pase nan mitan nou yo. 2 Yo te rakonte
yo jan nou te aprann yo nan bouch moun ki te wè yo ak
pwòp je yo depi nan konmansman, moun ki te resevwa
lòd mache fè konnen pawòl Bondye a. 3 Se konsa, mwen
menm tou, mwen chache konnen tout bagay sa yo byen
depi nan konmansman yo. Koulye a, mwen kwè se yon
bon bagay pou m' ekri yo tout, yonn apre lòt, jan sa te
pase a pou ou menm tou, chèf mwen. 4 Konsa wa kapab
rekonèt tou sa yo te moutre ou yo se verite yo ye. 5 Nan
tan Ewòd te wa nan peyi Jide a, te gen yon prèt yo te
rele Zakari. Li te fè pati gwoup prèt Abiya yo. Madanm
li te rele Elizabèt: se te yon moun ras Arawon, ansyen
granprèt la. 6 Yo tou de te mache dwat devan Bondye, yo
t'ap swiv kòmandman Mèt la ansanm ak tout lalwa a san
ankenn repwòch. 7 Men, yo pa t' gen pitit paske Elizabèt
pa t' kapab fè pitit. Yo tou de te fin vye granmoun. 8 Yon
jou, Zakari te desèvis kou prèt devan Bondye, paske se
te tou gwoup pa l' la. 9 Dapre koutim sèvis la, yo te tire
osò pou chwazi yonn nan prèt yo pou antre nan tanp Mèt
la pou ofri lansan an. Twouve fwa sa a, se Zakari ki te
soti. 10 Tout mas pèp la t'ap lapriyè deyò, antan Zakari
menm te anndan ap ofri lansan an. 11 Vwala, yon zanj
Bondye parèt devan Zakari; li te kanpe sou bò dwat lotèl
kote yo boule lansan an. 12 Lè Zakari wè l', li sezi; li te
pè anpil. 13 Men zanj lan di li: Pa pè, Zakari. Bondye te
tande lapriyè ou la. Elizabèt, madanm ou, pral ba ou yon
pitit gason; ou va rele l' Jan. 14 Ala kontan wa kontan
lè pitit sa a va fèt! Anpil lòt moun va kontan tou lè sa a.
15 L'ap yon grannèg devan Bondye, Mèt la; li p'ap bwè
ni diven, ni ankenn alkòl. Depi nan vant manman li, l'ap
anba pouvwa Sentespri a. 16 L'ap fè anpil moun nan pèp
Izrayèl la tounen vin jwenn Mèt la, Bondye yo a. 17 L'ap
mache devan Bondye nan menm lespri ak menm pouvwa
pwofèt Eli te genyen an. L'ap fè papa vin byen ankò ak
pitit; l'ap fè moun ki rebèl rive gen konprann tankou moun
k'ap obeyi Bondye, l'ap pare yon pèp byen dispoze pou
resevwa Mèt la. 18 Zakari di zanj lan konsa: Ki jan pou
m' fè kwè sa w'ap di m' la a se vre? Ala mwen fin vye,
madanm mwen fin vye granmoun tou. 19 Zanj lan reponn
li: Mwen se Gabriyèl ki toujou kanpe nan sèvis devan
Bondye. Se Bondye menm ki voye m' pale avè ou, pou m'
pote bon nouvèl sa a ba ou. 20 Men, paske ou pa kwè
pawòl mwen yo ki gen pou rive nan tan yo, ou pral vin
bèbè, ou p'ap ka pale jouk jou bagay sa yo va rive. 21
Tout tan sa a, pèp la menm t'ap tann Zakari; yo te sezi
wè jan l' te mize nan tanp lan. 22 Men, lè Zakari soti,
li pa t' kapab pale avèk yo. Lè sa a yo vin konprann li
te gen yon vizyon nan tanp lan. Li t'ap fè yo yon bann
siy ak men l', men li pa t' kapab pale. 23 Lè tan sèvis li
fini, Zakari tounen lakay li. 24 Kèk tan apre sa, Elizabèt,
madanm li, vin ansent. Li fè senk mwa kache lakay; li
t'ap di: 25 Gade sa Mèt la fè pou mwen non! Se koulye
a sa fè l' plezi pou l' wete dezonè m' devan lèzòm. 26
Sou sizyèm mwa gwosès Elizabèt la, Bondye voye zanj
Gabriyèl nan yon vil nan peyi Galile yo rele Nazarèt. 27
Bondye te voye l' kay yon jennfi ki te fiyanse ak yon nonm
yo rele Jozèf. Jozèf sa a, se te moun ras David. Yo te rele
jennfi a Mari. 28 Zanj lan antre lakay Mari, li di li: Bonjou,
Mari, ou menm ki resevwa anpil favè. Mèt la avèk ou. 29
Lè Mari tande pawòl sa yo, tèt li te boulvèse, li t'ap mande
nan kè l' kisa bonjou sa a te vle di. 30 Men, zanj lan di li:
Pa pè, Mari. Ou jwenn favè nan men Bondye. 31 Ou pral
vin ansent, ou va fè yon pitit gason. Wa rele l' Jezi. 32
L'ap vin yon grannèg, y'a rele li Pitit Bondye ki anwo nan
syèl la. Mèt la, Bondye nou, va fè l' wa tankou David, gran
granpapa li. 33 La gouvènen pèp Izrayèl la pou tout tan,
gouvènman l' lan p'ap janm fini. (aiōn g165) 34 Mari di zanj
lan konsa: Ki jan sa pral fè rive? Ala mwen poko janm
konn gason! 35 Zanj lan reponn li: Sentespri a pral vin
sou ou; pouvwa Bondye ki anwo nan syèl la pral kouvri ou
tankou yon lonbraj. Se pou sa tou, tipitit ki pral fèt la pral
viv apa pou Bondye, y'a rele l' Pitit Bondye. 36 Ou konnen
Elizabèt, fanmi ou lan? Atout li fin vye a, men l' ansent
yon pitit gason. Yo te di l' pa t' kapab fè pitit, men li deja
sou sis mwa gwosès. 37 Tou sa rive paske pa gen anyen
Bondye pa ka fè. 38 Mari di li: Men mwen, se sèvant Mèt
la mwen ye. Mwen swate pou sa rive m' jan ou di a. Epi
zanj lan kite li. 39 Nan menm epòk sa a, Mari soti, li pran
chemen pou l' rive byen vit nan yon bouk nan mòn peyi
Jide a. 40 Li antre lakay Zakari, li di Elizabèt bonjou. 41
Lè Elizabèt tande Mari di l' bonjou, pitit la pran sote nan
vant li. Lamenm Elizabèt vin anba pouvwa Sentespri. 42
Li pran pale byen fò, li di konsa: Nan tout fanm ki sou
latè, ou menm ou se yon fanm Bondye beni anpil. Pitit ki
nan vant ou a tou Bondye beni li. 43 Kisa m' ye menm,
pou manman Mèt mwen vin rann mwen vizit? 44 Gade!
Bonjou ou la poko rive nan zòrèy mwen, pitit la pran sote
nan vant mwen tèlman li kontan. 45 Ou se yon fanm beni!
Paske, ou te kwè tout pawòl Mèt la voye di ou yo gen pou
rive vre. 46 Lè sa a Mari di: Nanm mwen ap chante pou
Mèt la ki gen pouvwa. 47 Lespri m' pran plezi nan Bondye
ki delivrans mwen. 48 Paske li voye je l' sou mwen, yon
sèvant ki soumèt devan li. Wi, depi koulye a, epi pou tout
tan, tout moun pral di: Ou se yon fanm Bondye beni! 49
Paske Bondye ki gen tout pouvwa a fè anpil bèl bagay
pou mwen. Non li, se yon non pou tout moun respekte. 50
L'ap toujou gen pitye pou tout moun ki gen krentif pou
li. 51 Li fè lèzòm santi fòs ponyèt li. Li fè moun ki gen
lògèy ak gwo lide nan kè yo pèdi tèt yo. 52 Li desann
chèf ki te byen chita nan fotèy yo. Li leve moun ki pa gen
pretansyon yo. 53 Li bay moun ki grangou yo anpil byen.
Li voye rich yo ale san anyen. 54 Li vin pote sekou bay
pèp Izrayèl k'ap sèvi l' la. Li pa bliye fè wè jan li toujou
gen kè sansib, 55 pou Abraram ansanm ak tout ras li a,
dapre pwomès li te fè zansèt nou yo. (aiōn g165) 56 Mari
pase twa mwa konsa ak Elizabèt. Apre sa, li tounen lakay
li. 57 Lè jou pou Elizabèt akouche a rive, li fè yon pitit

gason. **58** Vwazinaj ak fanmi l' yo vin konnen jan Mèt la te
fè Elizabèt yon gwo favè. Yo te kontan pou li. **59** Sou wit
jou, yo te vin pou sikonsi pitit la; yo te vle rele l' Zakari,
menm non ak papa li. **60** Men, manman l' di yo: Non, se
Jan pou l' rele. **61** Yo di l' konsa: Men, pa gen pesonn nan
fanmi ou ki rele Jan. **62** Yo fè papa a siy pou mande l' ki
non li ta vle bay pitit la. **63** Zakari mande yo yon ti tablo,
epi li ekri: Se Jan ki non li. Yo tout te sezi. **64** Menm lè
a bouch li louvri, lang li lage, li t'ap pale, li t'ap chante
pou Bondye byen fò. **65** Tout moun ki te nan vwazinaj
la te pè; nouvèl la t'ap mache bouch an bouch nan tout
mòn Jidè a. **66** Tout moun ki te tande pawòl sa yo t'ap
kalkile nan kè yo; yonn t'ap di lòt: Kisa pitit sa a pral ye
menm? Pouvwa Bondye a te avèk ti pitit la tout bon vre.
67 Zakari, papa Jan, vin anba pouvwa Sentespri. Latou, li
pran fè konnen pawòl Bondye te mete nan bouch li: **68**
Ann chante pou Mèt la, Bondye pèp Izrayèl la. Paske, li
vin sove pèp li a, li delivre yo anba esklavaj. **69** Li voye
yon moun avek gwo pouvwa pou delivre nou. Se nan
laras David, sèvitè Bondye a, li soti. **70** Se sa menm
Bondye te fè konnen nan bouch pwofèt li yo depi nan tan
lontan. **(aiōn g165)** **71** Li te pwomèt li t'ap delivre nou anba
lènmi nou yo, ak anba tout moun ki rayi nou yo. **72** Se
konsa la gen pitye pou zansèt nou yo. Li chonje kontra li
menm Bondye te pase ak yo a. **73** Dapre sèman li te fè
bay Abraram, zansèt nou an. **74** Li te di l' konsa: Lè la fin
delivre nou anba lènmi nou yo, la fè nou sèvi l' san nou
p'ap bezwen pè. **75** Wi, la fè nou viv apa pou Bondye, la
fè nou mache dwat devan li chak jou nan lavi nou. **76**
Kanta ou menm, pitit mwen, y'a rele ou: Pwofèt Bondye
ki anwo nan syèl la. Paske, wa pran devan Mèt la pou
pare chemen an pou li. **77** Ou pral moutre pèp la ki jan
l'ap delivre yo, ki jan l'ap padonnen peche yo. **78** Tou sa,
paske Bondye nou an gen kè sansib, li renmen nou anpil.
L'ap fè yon limyè soti anwo vin klere nou tankou solèy
k'ap leve. **79** Li gen pou l' klere tout moun k'ap viv nan
fènwa ak nan lonbraj lanmò. Li gen pou l' fè nou mache
nan chemen k'ap ban nou kè poze a. **80** Ti pitit la menm
t'ap grandi, lespri l' t'ap devlope. Li te rete nan dezè a jouk
jou pou l' te parèt an piblik devan pèp Izrayèl la.

2 Lè sa a, Seza Ogis te bay lòd pou yo te konte dènye
moun ki nan peyi l'ap gouvènen yo. **2** Premye travay
sa a te fèt nan tan Kireniyis t'ap kòmande nan peyi yo rele
Siri a. **3** Tout moun te al fè pran non yo nan lavil kote
fanmi yo te soti. **4** Jozèf te rete nan peyi Galile, nan yon
bouk yo rele Nazarèt. Men, paske li te moun nan fanmi ak
ras David, li moute, li ale nan Jide, nan lavil David yo rele
Betleyèm lan. **5** Jozèf tapral fè yo pran non l' ansanm ak
non Mari, fiyanse li, ki te ansent. **6** Antan yo te la, jou pou
Mari te akouche a rive. **7** Li fè premye pitit li a, yon ti
gason. Mari vlope pitit la nan kouchèt, li mete l' kouche
nan yon kay kote yo bay bèt manje, paske pa t' gen plas
pou yo nan lotèl la. **8** Nan menm zòn sa a, te gen gadò
mouton ki t'ap pase nwit la deyò ap veye mouton yo. **9** Lè
sa a, yon zanj Bondye parèt devan yo, bèl limyè Bondye
a klere tout kote yo te ye a. Yo te pè anpil. **10** Men zanj
lan di yo konsa: Pa pè. N'ap anonse nou yon bon nouvèl
ki pral fè tout pèp la kontan anpil. **11** Jòdi a, nan lavil
David la, nou gen yon Sovè ki fenk fèt: se Kris la, Seyè a.
12 Men remak ki va fè nou rekonèt li: n'a jwenn yon tibebe
vlope nan kouchèt, kouche nan yon kay kote yo bay bèt
manje. **13** Menm lè a, yon foul lòt zanj nan syèl la vin
jwenn zanj lan; yo t'ap fè lwanj Bondye, yo t'ap di konsa:
14 Lwanj pou Bondye anwo nan syèl la, kè poze sou latè
pou tout moun li renmen. **15** Zanj yo kite gadò mouton
yo, yo tounen al nan syèl la. Lè sa a, gadò mouton yo
yonn di lòt: Ann al jouk Betleyèm, ann al wè sa ki rive, sa
Bondye fè nou konnen an. **16** Yo prese ale, yo jwenn
Mari ak Jozèf, ansanm ak tipitit la kouche kote yo bay
bèt yo manje a. **17** Lè yo wè l', yo tanmen rakonte sa
zanj lan te di yo sou pitit la. **18** Tout moun ki t'ap koute
yo te sezi tande sa yo t'ap rakonte a. **19** Mari menm te
kenbe tout pawòl sa yo nan kè l', li t'ap repase yo nan tèt
li. **20** Apre sa, gadò mouton yo al fè wout yo; yo t'ap di jan
Bondye gen pouvwa, yo t'ap fè lwanj li, paske tou sa yo te
tande ak tou sa yo te wè a te dakò ak sa zanj lan te fè
yo konnen. **21** Wit jou apre, se te dat pou yo te sikonsi
pitit la. Yo rele l' Jezi dapre non zanj lan te bay anvan
menm manman l' te vin ansent li. **22** Apre sa, jou a te
rive pou Jozèf ak Mari te al fè sèvis pou yo ka mete Mari
nan kondisyon fè sèvis Bondye dapre lalwa Moyiz. Lè sa
a, yo pote tipitit la lavil Jerizalèm pou mete l' apa pou
Bondye, **23** dapre sa ki te ekri nan lalwa Bondye a: Mete
tout premye pitit gason yo apa pou Mèt la. **24** Yo te ofri
tou yon pè toutrèl osinon de jenn pijon pou yo touye pou
Bondye, jan yo bay lòd fè sa nan lalwa Bondye a. **25** Lè
sa a, te gen yon nonm nan Jerizalèm yo te rele Simeyon.
Nonm sa a te mache dwat devan Bondye, li te respekte
Bondye anpil, li t'ap tann konsa moun Bondye t'ap voye
pou delivre pèp Izrayèl la. Sentespri Bondye a te avèk li.
26 Li te fè l' konnen li pa t'ap mouri san l' pa wè Kris la,
moun Bondye te chwazi pou l' voye a. **27** Lespri Bondye a
pouse Simeyon ale nan tanp lan. Lè Jozèf ak Mari pote
tipitit la pou yo fè sa lalwa mande pou li a, **28** Simeyon
pran tipitit la nan bra l', li di Bondye mèsi. Li di: **29** Koulye
a, Mèt, ou kenbe pawòl ou; ou mèt kite sèvitè ou la mouri
ak kè poze. **30** Paske mwen wè ak je mwen moun ou
voye pou delivre nou an. **31** Ou pare l' mete devan tout
pèp yo. **32** Se yon limyè ki pou fè tout pèp yo konnen
ou; se va yon lwanj pou Izrayèl pèp ou a. **33** Papa ak
manman Jezi te sezi tande sa Simeyon t'ap di sou pitit yo
a konsa. **34** Simeyon rele benediksyon Bondye sou yo,
li di Mari, manman Jezi: Bondye chwazi pitit sa a; l'ap
lakòz anpil moun nan pèp Izrayèl la tonbe. Men, l'ap fè
anpil moun nan pèp la jwenn delivrans tou. Li pral yon
siy pou Bondye, men moun p'ap vle wè li. **35** Se konsa
l'ap devwale tout lide k'ap travay nan fon kè anpil moun.
Kanta pou ou menm, Mari, doulè gen pou fann kè ou
tankou yon nepe. **36** Te gen yon fanm ki te pwofèt la a

tou. Li te rele An, pitit fi Fanwèl, nan branch fanmi Asè.
Li te fin vye granmoun. Li te viv sètan avèk nonm li te
marye depi l' te jennfi a. **37** Apre sa, li te rete vèv. Lè sa
a, li te gen katrevenkatran, li pa t' janm kite tanp lan; li
t'ap sèvi Bondye lajounen kou lannwit: tout tan li t'ap fè
jèn, li t'ap lapriyè. **38** Menm lè sa a tou, li vin rive, li t'ap
di Bondye mèsi. Li t'ap pale sou Jezi bay tout moun ki
t'ap tann Bondye vin delivre lavil Jerizalèm. **39** Lè yo fin
fè tou sa lalwa Bondye te mande yo fè a, Jozèf ak Mari
tounen ansanm avèk tipitit la nan peyi yo, lavil Nazarèt
nan Galile. **40** Pitit la menm t'ap grandi, li t'ap devlope. Li
te gen kont lespri l', epi favè Bondye te avèk li. **41** Chak
lanne pou fèt Delivrans lan, manman ak papa Jezi te konn
ale lavil Jerizalèm. **42** Lè Jezi vin gen douzan, yo moute
Jerizalèm al nan fèt la jan yo te toujou fè. **43** Lè jou fèt yo
fin pase, moun yo t'ap tounen lakay yo. Ti Jezi menm rete
lavil Jerizalèm. Men, papa l' ak manman l' pa t' wè sa. **44**
Yo te kwè li te avèk lòt moun ki t'ap vwayaje ansanm ak
yo. Yo mache tout yon jounen. Se lè sa a yo pran chache
l' pami fanmi yo ak zanmi yo. **45** Men yo pa jwenn li. Yo
tounen Jerizalèm al chache li. **46** Apre twa jou, yo jwenn li
nan tanp lan, chita nan mitan dirèktè yo. Li t'ap koute yo, li
t'ap poze yo keksyon tou. **47** Tout moun ki t'ap tande l'
te sezi pou jan l' te gen lespri, ak jan l' t'ap reponn yo.
48 Lè papa l' ak manman l' wè l', yo pa t' manke sezi.
Manman li di l' konsa: Pitit mwen, poukisa ou fè nou sa?
Se pa ti chache papa ou avè m' nou pa chache ou. Ou
fè kè n' kase. **49** Jezi di yo: Poukisa pou n'ap chache
m' konsa? Nou pa t' konnen fòk mwen okipe zafè papa
mwen? **50** Men yo pa t' konprann sa l' t'ap di yo. **51** Apre
sa, li desann ak yo, li tounen Nazarèt. Li te soumèt devan
yo. Manman l' menm te kenbe tout bagay sa yo nan kè li.
52 Jezi t'ap devlope, li te vin gen plis lespri toujou, li t'ap
aji yon jan ki te fè ni Bondye ni lèzòm plezi.

3 Nan tan sa a, Seza Tibè te gen kenzan depi li te wa;
Pons Pilat t'ap kòmande nan peyi Jide; Ewòd menm
te chèf nan peyi Galile; Filip, frè Ewòd la, te chèf nan
peyi Litoure ak nan rejyon Trakonit; Lizanyas te chèf nan
Labilèn. **2** Lè sa a, se An ak Kayif ki t'ap sèvi tankou
granprèt. Nan menm epòk sa a, Bondye pale ak Jan, pitit
Zakari a, ki te nan dezè a. **3** Jan mache nan tout peyi
bò larivyè Jouden an; li t'ap bay mesaj sa a: Tounen vin
jwenn Bondye. vin resevwa batèm: Bondye va padonnen
peche nou yo. **4** Se konsa, sa ki te ekri nan Liv ki gen
pawòl pwofèt Ezayi a vin rive vre: Se vwa yon nonm
k'ap rele nan dezè a: Pare gran wout Seyè nou an. Plani
chemen an byen plani pou li. **5** Tout fon gen pou konble.
Tout gwo mòn, tout ti mòn gen pou vin plat. Kote ki gen
detou gen pou vin dwat. Chemen ki an movèz eta gen
pou vin bèl. **6** Tout moun va wè jan Bondye ap delivre nou
an. **7** Moun t'ap vin an foul bò kote Jan pou l' te batize yo.
Lè konsa li di yo: Bann vèmen! Ki moun ki fè nou konnen
nou kapab chape anba kòlè Bondye k'ap vini an? **8** Fè
bagay ki pou fè wè nou chanje lavi nou tout bon. Sispann
di nan kè nou: Se pitit pitit Abraram nou ye! Paske, mwen
pa kache di nou sa: Bondye kapab pran wòch sa yo, li fè
yo tounen pitit pou Abraram. **9** Epitou, rach la tou pare
pou koupe rasin pyebwa yo. Nenpòt pyebwa ki pa bay
bon donn, yo pral koupe sa, jete nan dife. **10** Foul moun
yo mande l' konsa: Kisa pou nou fè menm? **11** Li reponn
yo: Sa ki gen de rad, se pou yo bay sak pa genyen an
yonn. Sa ki gen manje pou manje, se pou l' separe l' bay
yon lòt. **12** Kèk pèseptè kontribisyon te vini tou pou l' te
batize yo. Yo mande Jan: Mèt, kisa pou nou fè? **13** Li
reponn yo: Pa fè moun peye plis pase sa lalwa mande a.
14 Kèk sòlda tou mande li: E nou menm, kisa pou nou
fè? Li reponn yo: Pa fè brital ak pesonn. Pa fè manti sou
pesonn pou pran lajan nan men yo. Fè kè nou kontan ak
sa yo peye nou an. **15** Pèp la t'ap tann konsa: yo t'ap
mande nan kè yo si se pa Jan ki Kris la. **16** Lè sa a, Jan di
yo tout: Mwen batize nou nan dlo. Men, gen yon moun ki
gen pou vini ki gen plis pouvwa anpil pase mwen. Mwen
menm, mwen pa bon ase pou m' ta demare kòd sapat ki
nan pye li. Se li menm ki va batize nou nan Sentespri ak
nan dife. **17** Laye l' nan men li, l'ap vannen tout grenn
ki sou glasi a. La ranmase grenn ki bon yo, la mete yo
nan galata li. Men, l'ap boule pay la nan yon dife ki p'ap
janm mouri. **18** Se avèk anpil lòt pawòl konsa Jan t'ap
ba yo konsèy, li t'ap anonse bon nouvèl la bay pèp la.
19 Men, Jan te fè chèf Ewòd repwòch poutèt Ewodyad,
madanm frè li a, li te pran pou madanm li, ak pou anpil lòt
move zak li te fè. **20** Le sa a, Ewòd mete ankò sou sa l'
te fè deja: li fè fèmen Jan nan prizon. **21** Lè Jan te fin
batize tout moun, li batize Jezi tou. Antan Jezi t'ap lapriyè,
syèl la louvri. **22** Sentespri a desann sou li an fòm yon ti
pijon. Yon vwa soti nan syèl la, li di: Ou se Pitit mwen
renmen anpil la, ou fè kè m' kontan anpil. **23** Jezi te gen
trantan konsa lè l' kòmanse travay li. Dapre sa yo te kwè,
li te pitit Jozèf, Jozèf sa a te pitit Eli. **24** Eli te pitit Matat,
Matat te pitit Levi, Levi te pitit Mèlki, Mèlki te pitit Janayi,
Janayi te pitit Jozèf. **25** Jozèf te pitit Matatyas, Matatyas
te pitit Amòs, Amòs te pitit Nawoum, Nawoum te pitit
Esli, Esli te pitit Nagayi. **26** Nagayi te pitit Maat, Maat te
pitit Matatyas, Matatyas te pitit Semeyin, Semeyin te pitit
Jozèk, Jozèk te pitit Joda. **27** Joda te pitit Joanan, Joanan
te pitit Reza, Reza te pitit Zowobabèl, Zowobabèl te pitit
Salasyèl, Salasyèl te pitit Neri. **28** Neri te pitit Mèlki, Mèlki
te pitit Adi, Adi te pitit Kozam, Kozam te pitit Elmadam,
Elmadam te pitit Er. **29** Er te pitit Jezi, Jezi te pitit Elyezè,
Elyezè te pitit Jorim, Jorim te pitit Matat, Matat te pitit
Levi. **30** Levi te pitit Simeyon, Simeyon te pitit Jida, Jida
te pitit Jozèf, Jozèf te pitit Jonam, Jonam te pitit Elyakim.
31 Elyakim te pitit Melea, Melea te pitit Mena, Mena te
pitit Matata, Matata te pitit Natan, Natan te pitit David. **32**
David te pitit Izayi, Izayi te pitit Jobèd, Jobèd te pitit Booz,
Booz te pitit Sala, Sala te pitit Naason. **33** Naason te pitit
Aminadab, Aminadab te pitit Admen, Admen te pitit Ani,
Ani te pitit Eswòm, Eswòm te pitit Perèz, Perèz te pitit
Jida. **34** Jida te pitit Jakòb, Jakòb te pitit Izarak, Izarak te

pitit Abraram, Abraram te pitit Tara, Tara te pitit Nakò. **35** Nakò te pitit Sewouk, Sewouk te pitit Rago, Rago te pitit Falèk, Falèk te pitit Ebè, Ebè te pitit Sala. **36** Sala te pitit Kayinam, Kayinam te pitit Afaksad, Afaksad te pitit Sèm, Sèm te pitit Noe, Noe te pitit Lamèk. **37** Lamèk te pitit Matizala, Matizala te pitit Enòk, Enòk te pitit Jarèd, Jarèd te pitit Maleleyèl, Maleleyèl te pitit Kaynan. **38** Kaynan te pitit Enòs, Enòs te pitit Sèt, Sèt te pitit Adan, epi Adan te pitit Bondye.

4 Jezi tounen soti bò larivyè Jouden an; li te anba pouvwa Sentespri. Se konsa Lespri Bondye a mennen l' nan dezè a. **2** Se la Satan vin tante l' pandan karant jou. Tout jou sa yo li pa t' manje anyen menm. Apre jou sa yo fin pase, li te grangou. **3** Satan di l' konsa: Si ou se Pitit Bondye, bay wòch sa a lòd pou l' tounen pen. **4** Jezi reponn li: Men sa ki ekri: Moun pa ka viv ak pen sèlman. **5** Satan mennen l' yon kote ki wo. Yon sèl kou, li moutre l' tout peyi ki sou latè. **6** Li di Jezi konsa: M'ap ba ou tout pouvwa ak tout richès peyi sa yo. Yo renmèt tout bagay sa yo nan men mwen, mwen ka bay moun mwen vle yo. **7** Si ou mete ajenou devan m', tout bagay sa yo pou ou. **8** Jezi reponn li: Men sa ki ekri: Se Mèt la, Bondye ou, pou ou adore. Se li menm ase pou ou sèvi. **9** Apre sa, Satan mennen l' lavil Jerizalèm, li mete l' kanpe sou pwent fetay tanp lan; li di Jezi konsa: Si ou se Pitit Bondye, rete isit la lage kò ou anba. **10** Paske, men sa ki ekri: Bondye va bay zanj li yo lòd pou yo veye sou ou. **11** Y'a pote ou nan men yo pou ou pa kase pye ou sou ankenn wòch. **12** Jezi reponn li: Men sa ki ekri tou: Ou pa dwe seye sonde Mèt la, Bondye ou. **13** Apre Satan fin sonde Jezi tout jan sa yo, li kite l' jouk la jwenn yon lòt okasyon. **14** Jezi te anba pouvwa Sentespri Bondye a; li tounen, li ale nan peyi Galile. Nan tout peyi a se tout moun ki t'ap nonmen non li. **15** Li t'ap moutre moun yo anpil bagay nan sinagòg yo. Tout moun t'ap fè lwanj li. **16** Jezi ale lavil Nazarèt kote l' te grandi a. Jou repo a, li antre nan sinagòg la tankou l' te toujou konn fè. Li leve kanpe pou l' li pou yo. **17** Yo renmèt li liv pwofèt Ezayi a. Lè li louvri l', li jwenn kote ki te ekri: **18** Lespri Bondye a sou mwen. Li chwazi m' pou m' anonse bon nouvèl la bay pòv yo. Li voye m' pou m' fè tout prizonye yo konnen yo lage, pou m' fè tout avèg yo konnen yo kapab wè ankò, pou m' delivre moun y'ap maltrete yo, **19** pou m' fè yo konenn lè a rive pou Bondye vin delivre pèp li a. **20** Apre sa, Jezi fèmen Liv la, li renmèt li bay moun ki t'ap ede nan sèvis la. li al chita. Tout moun ki te nan sinagòg la te gen je yo fikse sou li. **21** Lè sa a li kòmanse di yo: Jòdi a, pandan n'ap tande pawòl ki ekri la a, li rive vre. **22** Tout moun t'ap pale byen pou li. Yo te sezi tande bèl pawòl ki t'ap soti nan bouch li. Yo t'ap di konsa: Se pa pitit Jozèf la sa? **23** Jezi di yo: Koulye a, nou pral di pwovèb sa a sou mwen: Dòktè, geri tèt ou. N'a di m' tou: Nou tande tou sa ou te fè lavil Kapènawòm; fè yo isit la tou, nan peyi pa ou la. **24** Epi li di yo ankò: Men, sa m'ap di nou la a, se vre wi: Yo pa janm resevwa yon pwofèt byen nan pwòp peyi li. **25** Se vre wi: Sou tan Eli, yon lè lapli pa t' tonbe pandan twazan sis mwa, tout peyi a te nan grangou. Lè sa a, te gen anpil vèv nan peyi Izrayèl la. **26** Men, Bondye pa t' voye Eli lakay yo yonn menm; se lakay yon vèv ki te rete lavil Sarepta nan peyi Sidon li te voye li. **27** Konsa tou, sou tan pwofèt Elize, te gen anpil moun ki te malad ak lalèp nan pèp Izrayèl la. Men, yo yonn pa t' jwenn gerizon. Se Naaman sèlman, nonm peyi Siri a, ki te geri. **28** Tout moun nan sinagòg la te byen ankòlè lè yo tande pawòl sa yo. **29** Yo leve, yo trennen l' andeyò lavil la; yo mennen l' sou tèt ti mòn kote lavil la te bati a, yo t'ap pare pou yo te jete l' anba nan falèz la. **30** Men, Jezi pase nan mitan yo, li chape kò li. **31** Apre sa, Jezi desann Kapènawòm, yon vil nan peyi Galile. Jou repo a, li t'ap moutre moun yo anpil bagay. **32** Yo te sezi tande sa l' t'ap moutre yo, paske li t'ap pale tankou moun ki gen dwa di sa l'ap di a. **33** Te gen yon nonm nan sinagòg la ki te gen yon move lespri sou li. Li pran rele byen fò: **34** Ey, kisa nou gen avè ou, Jezi, nonm Nazarèt? Ou vin isit la pou detwi nou? Mwen konnen byen ki moun ou ye; ou se moun Bondye chwazi a. **35** Jezi pale byen fò ak move lespri a, li di li: Pe la! Soti sou nonm lan. Move lespri a jete nonm lan atè nan mitan tout moun yo epi li soti, li ale san l' pa fè l' ankenn mal. **36** Tout moun te sezi, yonn t'ap di lòt: Ki pawòl sa a ye menm? Avèk otorite ak pouvwa li pase move lespri yo lòd sevè epi yo soti, y' ale. **37** Se tout moun ki t'ap nonmen non l' nan tout peyi a. **38** Jezi soti, li kite sinagòg la, li ale lakay Simon. Bèlmè Simon an te gen yon gwo lafyèb cho sou li. Yo mande Jezi pou l' fè kichòy pou li. **39** Li panche sou malad la, li pase lafyèb la yon lòd. Lamenm, lafyèb la kite li. Menm lè a, madanm lan leve, li resevwa yo. **40** Apre solèy te fin kouche, yo mennen tout moun malad ak tout moun ki t'ap soufri divès maladi bay Jezi. Li mete men l' sou tèt yo tout, li geri yo. **41** Anpil move lespri tou te soti sou plizyè moun malad. Yo t'ap plede rele: Ou se pitit Bondye a. Men, Jezi te pale sevè ak yo, li pa t' kite yo pale paske yo te konnen se Kris la li ye. **42** Kou l' fè jou, Jezi soti, li ale yon kote ki pa gen moun. Yon foul moun t'ap chache li. Konsa, yo rive jouk kote li te ye a. Yo te vle kenbe l' pou l' pa t' kite yo. **43** Men li di yo: Fòk m' anonse bon nouvèl gouvènman Bondye ki Wa a bay moun lòt lavil yo tou, paske se pou sa Bondye voye mwen. **44** Se konsa, li t'ap mache bay mesaj la nan sinagòg Jide yo.

5 Yon jou, Jezi te bò kote letan Jenezarèt la; yon foul moun t'ap kwense l' toupatou pou tande pawòl Bondye a. **2** Li wè de kannòt bò rivaj la; pechè yo te desann atè, yo t'ap lave senn yo. **3** Jezi moute nan yonn nan kannòt yo ki te pou Simon. Li mande l' pou l' vanse yon ti kras nan fon. Antan Jezi chita nan kannòt la, li t'ap moutre moun yo anpil bagay. **4** Lè li fin pale, li di Simon konsa: Vanse kannòt la plis nan fon; jete senn ou pou peche. **5** Simon reponn li: Mèt, nou pase tout nwit lan ap travay san nou pa pran anyen. Men, paske se ou ki di nou fè sa, nou pral lage senn lan. **6** Yo lage senn lan; yo pran yon kantite pwason. Tèlman pwason yo te anpil, senn lan t'ap chire.

7 Yo fè asosye yo ki te nan lòt kannòt la siy vin ede yo. Yo
vini; de kannòt yo te sitèlman plen pwason, yo te prèt pou
koule. 8 Lè Simon Pyè wè sa, li lage kò l' nan pye Jezi, li
di l' konsa: Mèt, pa rete kote mwen, paske mwen pa bon.
9 Yon sèl sezisman te pran Simon ak tout mesye ki te
avèk li yo lè yo wè kantite pwason yo te pran. 10 Se te
menm bagay la tou pou Jak ak Jan, de pitit Zebede yo,
ki te asosye Simon. Lè sa a Jezi di Simon: Pa pè. Depi
koulye a se moun ou pral peche. 11 Yo mennen kannòt
yo atè, yo kite tout bagay, y' ale avèk Jezi. 12 Pandan
Jezi te nan yon lavil, yon nonm ki te kouvri ak lalèp vin
rive. Lè l' wè Jezi, li lage kò l' fas atè, li di l' konsa: Mèt, si
ou vle, ou ka geri mwen. 13 Jezi lonje men l', li manyen
nonm lan, li di l': Wi, mwen vle ou geri. Menm lè a, lalèp la
kite li. 14 Jezi pase l' lòd sevè sa a: Pa di pesonn sa.
Men, ale fè prèt la wè ki jan ou ye. Apre sa, wa ofri sa
Moyiz te bay lòd ofri a. Konsa wa bay tout moun prèv ou
geri. 15 Malgre sa, nouvèl la gaye pi plis; moun t'ap vin
an foul pou tande li, pou chache gerizon nan men li. 16
Men, Jezi wete kò l', li al yon kote ki pa gen moun menm,
li t'ap lapriyè. 17 Yon jou, Jezi t'ap moutre moun yo anpil
bagay. Kèk farizyen ak kèk dirèktè lalwa te chita la; yo te
soti nan tout bouk Galile yo, nan bouk Jide yo ak nan lavil
Jerizalèm. Pouvwa Bondye te avèk Jezi, li t'ap geri malad
yo. 18 Se konsa, kèk moun vin ap pote yon nonm paralize
kouche sou yon kabann. Yo t'ap chache fè l' antre nan
kay la pou mete l' devan Jezi. 19 Men, akòz foul moun yo,
yo pa t' jwenn plas pou fè l' antre. Lè yo wè sa, yo moute
sou do kay la, yo fè yon twou nan kouvèti kay la ki te fèt
an brik, yo file malad la desann ak tout kabann li, nan
mitan moun yo, dwat devan Jezi. 20 Jezi wè jan yo te kwè
nan li, li di nonm malad la: Monchè, tout peche ou yo
padonnen. 21 Dirèktè lalwa ak farizyen yo t'ap di nan kè
yo: Kilès nonm sa a k'ap pale mal sou Bondye konsa? Pa
gen moun sou latè ki ka padonnen peche: sa se travay
Bondye sèlman. 22 Jezi menm te konnen sak t'ap pase
nan tèt yo, li di yo konsa: Poukisa n'ap fè lide konsa
nan tèt nou? 23 Ki sak pi fasil pou m' di: Peche ou yo
padonnen osinon: Leve kanpe, mache. 24 Enben, m'ap fè
nou konnen mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè
a, mwen gen pouvwa sou latè pou m' padonnen peche
tande. Apre sa, Jezi di nonm paralize a: Se mwen menm
k'ap pale avè ou: Leve kanpe, pran kabann ou, ale lakay
ou. 25 Menm lè a, nonm lan kanpe devan yo tout, li pran
kabann li te kouche sou li a, li al lakay li, li t'ap fè lwanj
Bondye. 26 Tout moun te sezi. Yo t'ap fè lwanj Bondye.
Yo te pè anpil tou, yo t'ap di: Ala bèl mèvèy nou wè jòdi a!
27 Apre sa, Jezi soti, li wè yon pèseptè kontribisyon yo
te rele Levi. Li te chita devan biwo travay li. 28 Jezi di l'
konsa: Swiv mwen. Levi annik leve, li kite tout bagay, li
swiv Jezi. 29 Apre sa, Levi fè yon gwo resepsyon lakay li
pou Jezi. Te gen anpil pèseptè kontribisyon ansanm ak lòt
moun ankò ki te chita bò tab la avèk yo. 30 Farizyen yo
ak dirèktè lalwa ki te fè gwoup ak yo t'ap babye, yo di
disip Jezi yo: Poukisa n'ap plede manje, n'ap plede bwè
konsa ak pèseptè kontribisyon ansanm ak lòt moun k'ap
fè sa ki mal? 31 Jezi reponn yo: Lè yon moun ansante, li
pa bezwen dòktè. Se moun malad ki bezwen dòktè. 32
Enben, mwen pa vin rele moun k'ap mache dwat devan
Bondye, men moun k'ap fè sa ki mal pou yo kapab tounen
vin jwenn Bondye. 33 Gen kèk moun ki di Jezi konsa:
Patizan Jan Batis yo ak patizan farizyen yo fè jèn souvan,
se tout tan y'ap lapriyè. Men disip pa ou yo, tout tan se
manje, se bwè. 34 Jezi reponn yo: Eske nou ka fòse
zanmi yon nonm k'ap marye pou yo rete san manje tout
tan li la avèk yo? 35 Non. Men, lè lè a rive pou nonm k'ap
marye a pa avèk yo ankò, se lè sa a y'a fè jèn. 36 Epi li di
yo paraboL sa a: Pesonn p'ap chire yon moso nan yon rad
nèf pou pyese yon vye rad. Si ou fè sa, ou chire rad nèf
la, lèfini moso twal nèf la pa ale ak vye rad la non plis. 37
Konsa tou, pesonn pa mete diven ki fenk fèt nan vye veso
fèt an po. Si ou fè sa, diven ki fenk fèt la va pete veso an
po yo. Lè sa a, diven an koule atè, veso an po yo pèdi tou.
38 Men, diven ki fenk fèt, sa dwe ale nan veso an po ki
fenk fèt tou. 39 Yon moun ki fin bwè diven ki la lontan p'ap
vle bwè diven ki fenk fèt. Se sa pawòl la di: Pi vye pi bon.

6 Yon jou repo, Jezi t'ap pase nan yon jaden ble. Disip
li yo keyi kèk grap ble, yo fwote yo nan men yo, epi yo
t'ap manje grenn yo. 2 Te gen kèk farizyen la ki di yo
konsa: Poukisa n'ap fè bagay lalwa nou pa pèmèt moun
fè gwo jou repo a? 3 Jezi pran lapawòl, li di farizyen yo
konsa: Eske nou pa li sa David te fè li menm ak moun pa
l' yo, yon jou yo te grangou? 4 Li antre nan kay Bondye a,
li pran pen yo te ofri bay Bondye a, li manje, li bay moun
pa l' yo manje tou. Men dapre lalwa nou an, se prèt yo
sèlman ki gen dwa manje pen sa yo. 5 Apre sa li di yo:
Mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen se
mèt repo a. 6 Yon lòt jou repo, Jezi antre nan sinagòg
la, li t'ap moutre moun yo anpil bagay. Te gen yon nonm
nan lasanble a ki te gen men dwat li pòk. 7 Dirèktè lalwa
yo ak farizyen yo t'ap veye Jezi konsa pou wè si l' t'ap
geri moun jou repo a, paske yo te vle jwenn yon kòz pou
akize li. 8 Men, Jezi te konnen sak te dèyè tèt yo. Lè sa
a, li di nonm ki te gen menm pòk la: Leve, vin kanpe la a
nan mitan nou. Nonm lan leve kanpe. 9 Apre sa, Jezi di
moun yo: M'ap mande nou kichòy: Kisa lalwa a pèmèt
moun fè jou repo a? Byen oswa mal? Sove lavi yon moun
osinon kite l' mouri? 10 Apre sa, li pwonmennen je l' sou
yo tout, li di nonm lan: Lonje men ou. Nonm lan lonje men
li. Latou, men an geri. 11 Men, lòt moun yo pa t' manke
ankòlè; yo t'ap diskite yonn ak lòt sou sa yo ta kapab fè
Jezi. 12 Lè sa a, Jezi moute sou yon ti mòn pou l' lapriyè.
Li pase tout nwit lan ap lapriyè. 13 Lè l' fè jou, li rele disip
li yo, li chwazi douz nan yo, li rele yo apòt. 14 Se te Simon
(Jezi te ba l' yon ti non Pyè), ak Andre, frè l', Jak ak Jan,
Filip ak Batèlmi, 15 Matye ak Toma, Jak, pitit Alfè a, ak
Simon (patriyòt la), 16 Jid, pitit Jak la, avèk Jida Iskariòt,
nonm ki te trayi Jezi a. 17 Li desann ti mòn lan ak yo, li
rete sou yon ti platon. Te gen anpil nan disip li yo ki te
sanble la ak yon gwo mas pèp. Moun yo te soti toupatou;

te gen moun Jide, moun lavil Jerizalèm, ak moun nan lavil
Tir ak lavil Sidon ki bò lanmè a. Yo te vin tande l', yo t'ap
mande l' geri malad yo tou. 18 Moun ki te gen move lespri
ap toumante yo te geri tou. 19 Tout moun t'ap chache
manyen l', paske te gen yon fòs ki t'ap soti nan Jezi ki
t'ap geri yo tout. 20 Lè sa a, Jezi gade disip li yo, li di
yo: benediksyon pou nou menm ki pòv, paske Peyi kote
Bondye Wa a, se pou nou li ye. 21 benediksyon pou nou
menm ki grangou koulye a, paske n'a jwenn manje an
kantite. benediksyon pou nou menm k'ap kriye koulye a,
paske nou pral nan kè kontan. 22 benediksyon pou nou si
lèzòm rayi nou, si yo pa vle wè nou, si yo joure nou, si yo
meprize nou tankou move moun, poutèt mwen menm,
Moun Bondye voye nan lachè a. 23 Fè kè n' kontan lè sa
va rive; nou mèt kontan nèt paske yon gwo rekonpans ap
tann nou nan syèl la. Se konsa zansèt nou yo te maltrete
pwofèt yo. 24 Men, malè pou nou, nou menm moun rich
yo, paske nou deja jwenn sa nou t'ap chache a. 25 Malè
pou nou, nou menm ki gen tout bagay an kantite koulye a,
paske nou pral grangou pou n' mouri. Malè pou nou, nou
menm k'ap ri koulye a, paske nou pral nan lapenn, se pa
ti kriye n'a kriye. 26 Malè pou nou lè tout moun ap di nou
se bon moun, paske se konsa zansèt nou yo te aji ak fo
pwofèt yo. 27 Nou menm k'ap koute m' la a, men sa m'ap
di nou: renmen tout lènmi nou yo. Fè byen pou moun ki
rayi nou. 28 Mande benediksyon pou moun k'ap ban nou
madichon. Lapriyè pou moun k'ap maltrete nou. 29 Si yon
moun ban nou yon souflèt sou yon bò figi, vire lòt bò a ba
li. Si yon moun pran levit nou, kite l' pran chemiz nou tou.
30 Nenpòt moun ki mande nou kichòy, ba li l'. Si yon moun
pran sa ki pou nou, kite l' pou li. 31 Tou sa nou va vle
lòt moun fè pou nou, fè l' pou yo tou. 32 Si nou plede
renmen sèlman moun ki renmen nou, ki benediksyon
pou n' tann pou sa? Mechan yo tou yo renmen moun ki
renmen yo. 33 Si nou fè byen sèlman pou moun ki fè nou
byen, ki benediksyon pou nou tann pou sa? Mechan yo fè
menm jan an tou. 34 Si se moun nou konnen k'ap renmèt
nou nou prete sèlman, ki benediksyon pou nou tann pou
sa? Mechan yo tou, yo prete mechan parèy yo ki kapab
renmèt yo sa yo te prete yo a san mank. 35 Non, nou
menm se pou nou renmen lènmi nou yo, fè byen pou
yo. Prete san nou pa mete espwa nou sou renmèt. Se
konsa n'a resevwa yon gwo rekonpans. Se lè sa a n'a
pitit Bondye ki anwo nan syèl la, paske li menm, li bon ni
pou engra ni pou mechan. 36 Se pou nou gen kè sansib
menm jan Bondye, papa nou, gen kè sansib. 37 Pa jije
moun, konsa Bondye p'ap jije nou. Pa kondannen moun,
konsa Bondye p'ap kondannen nou. Padonnen yo, konsa
Bondye va padonnen nou tou. 38 Bay, Bondye va ban
nou. La lage yon bon mezi, byen souke, byen foule, ak
tout tiyon l', nan pòch rad nou. Mezi nou sèvi pou mezire
lòt yo, se li menm Bondye va pran pou mezire nou tou. 39
Epi li di yo yon lòt paraboL: Eske yon avèg ka mennen yon
lòt avèg? Eske tou de p'ap tonbe nan menm twou a? 40
Yon elèv pa pifò pase mèt li; men yon elèv ki fini nèt, l'ap
fò tankou mèt li. 41 Poukisa w'ap gade ti pay ki nan je frè
ou, epi ou pa wè gwo bout bwa a ki nan je pa ou la? 42
Ou menm ki pa wè gwo bout bwa ki nan je pa ou la, ki jan
ou kapab di frè ou: Frè m', kite m' wete ti pay ki nan je ou
la? Ipokrit! Wete gwo bout bwa ki nan je pa ou la anvan.
Apre sa, wa wè klè pou ou wete pay ki nan je frè ou la. 43
Yon bon pyebwa pa bay move donn, ni yon move pyebwa
pa bay bon donn. 44 Yo rekonèt kalite yon pyebwa sou
donn li bay. Yo pa keyi fig frans sou pye rakèt, ni yo pa
rekòlte rezen sou tout vye lyann. 45 Yon nonm ki bon,
se bon bagay li rale soti nan kè li ki bon. Yon nonm ki
mechan, se move bagay li rale soti nan kè li ki move.
Paske, sak nan kè yon nonm, se sak soti nan bouch li. 46
Poukisa n'ap plede rele mwen: Mèt, Mèt, epi nou pa fè sa
m' di nou fè? 47 Moun ki vin jwenn mwen, ki tande pawòl
mwen epi ki fè sa mwen di fè, men ki jan l'ap ye: 48 L'ap
tankou yon nonm k'ap bati yon kay; li fouye tè a byen fon,
li moute fondasyon kay la sou wòch. Dlo desann, lavalas
frape kay la. Men, kay la pa brannen paske li te byen
bati. 49 Men, moun ki tande pawòl mwen, ki pa fè sa
mwen di fè, li tankou yon nonm ki bati yon kay ratè, san
fondasyon. Lavalas frape kay la, yon sèl kou kay la tonbe,
li kraze nèt.

7 Lè Jezi fin pale tout pawòl sa yo ak pèp la, li ale lavil
Kapènawòm. 2 Nan lavil sa a, yon kaptenn lame a
te gen yon domestik li te renmen anpil. Domestik sa a
te twouve l' malad prèt pou mouri. 3 Kaptenn lan tande
pale sou Jezi; se konsa li voye kèk chèf fanmi nan jwif yo
al mande Jezi pou l' vin geri domestik li a. 4 Yo rive bò
kot Jezi, yo di li: Tanpri, fè sa pou li, li merite li. Paske li
renmen pèp nou an. 5 Se li ki te bati sinagòg la pou nou.
6 Jezi ale avè yo. Li te rive toupre kay la lè kaptenn lan
voye kèk zanmi di l' konsa: Mèt, pa bay kò ou tout traka
sa a. Mwen pa merite pou ou antre lakay mwen. 7 Se
poutèt sa mwen pa t' kwè m' ase bon pou m' te vin jwenn
ou, mwen menm. Annik di yon mo, domestik mwen an
va geri. 8 Mwen menm, mwen sou zòd chèf, mwen gen
sòlda sou zòd mwen tou. Lè m' di yonn: Ale! li ale. Lè m'
di yon lòt: Vini! li vini. Lè m' di domestik mwen an: Fè sa!
li fè li. 9 Lè Jezi tande pawòl sa yo, li vin gen yon gwo
admirasyon pou kaptenn lan. Li vire bò foul moun ki t'ap
swiv li a, li di yo: M'ap di nou sa: Mwen poko janm jwenn
yon moun ki gen konfyans nan Bondye konsa, pa menm
nan pèp Izrayèl la. 10 Lè zanmi kaptenn lan te voye yo
tounen nan kay la, yo jwenn domestik ki te malad la geri.
11 Apre sa, Jezi ale nan yon lavil yo rele Nayen. Disip li
yo t'ap fè wout avè l' ansanm ak yon gwo foul moun. 12
Li rive bò pòtay lavil la. Lè sa a yo t'ap pote yon mò al
antere: se te sèl pitit gason yon madanm vèv. Te gen anpil
moun lavil la avèk li. 13 Lè Jezi wè vèv la, kè l' fè l' mal
pou li, li di li: Pa kriye, tande! 14 Apre sa li pwoche, li
manyen sèkèy la. Moun ki t'ap pote l' yo ret kanpe. Li
di: Jennonm, se mwen menm k'ap pale avè ou. Leve.
15 Epi mò a leve chita, li kòmanse pale. Jezi renmèt li
bay manman li. 16 Tout moun yo te pè, yo t'ap fè lwanj

Bondye, yo t'ap di: Yon gwo pwofèt parèt nan mitan nou!
Yo t'ap di tou: Bondye vin sove pèp li a. **17** Nouvèl la
te gaye nan tout peyi Jide a ak nan tout vwazinaj la. **18**
Patizan Jan Batis yo te rakonte tout bagay sa yo bay Jan
Batis. **19** Jan rele de ladan yo, li voye yo bò kot Jezi al
mande li: Eske ou se moun nou konnen ki gen pou vini
an, osinon èske nou dwe tann yon lòt? **20** Lè mesye sa
yo rive bò kot Jezi, yo di li: Jan Batis voye nou bò kote ou
vin mande ou: Eske ou se moun nou konnen ki gen pou
vini an, osinon èske nou dwe tann yon lòt? **21** Lè sa a,
Jezi t'ap geri anpil moun malad ak anpil moun enfim, li
t'ap wete yo anba pouvwa move lespri, li t'ap fè anpil avèg
wè ankò. **22** Apre sa, li reponn moun Jan Batis te voye
yo konsa: Ale rakonte Jan sa nou sot wè ak sa nou sot
tande la a: je avèg yo louvri, moun ki t'ap bwete yo mache
byen, moun ki te gen maladi lalèp yo geri, moun soudè
yo tande, moun mouri yo leve, pòv yo tande bon nouvèl
la. **23** benediksyon pou moun ki p'ap jwenn nan mwen
okazyon pou yo tonbe nan peche. **24** Lè moun Jan te
voye yo al fè wout yo, Jezi kòmanse pale ak foul moun yo
sou Jan Batis. Li di yo konsa: Kisa nou te al wè nan dezè
a? Yon pye wozo van ap balanse? Non. **25** Men, kisa nou
te al wè menm? Yon nonm abiye ak bèl rad? Ala, moun ki
abiye ak bèl rad, k'ap viv nan jwisans, se kay wa yo jwenn
yo. **26** Men, manyè di m' kisa nou tal wè? Yon pwofèt?
Wi. Mwen menm, mwen di nou: li pi plis pase yon pwofèt.
27 Men sa ki te ekri sou Jan Batis: Men m'ap voye mesaje
m' lan devan ou, la louvri chemen an devan pou ou. **28**
M'ap di nou sa: Nan tout moun ki fèt sou latè pa gen yonn
ki pi konsekan pase Jan Batis. Men, moun ki pi piti nan
peyi kote Bondye wa a pi konsekan pase li. **29** Tout pèp la
ansanm ak pèseptè kontribisyon yo t'ap tande li. Moun sa
yo te rekonèt se Bondye ki gen rezon, se pou sa yo te fè
Jan Batis batize yo. **30** Men, farizyen yo ak dirèktè lalwa
yo te refize sa Bondye te vle fè pou yo; se sak fè yo pa t'
kite Jan Batis batize yo. **31** Jezi di yo ankò: Ak ki moun
mwen ta konpare moun k'ap viv nan tan alèkile yo? Ki
moun yo sanble menm? **32** Yo sanble timoun ki chita sou
plas piblik. Yonn ap rele lòt pou di l' konsa: Nou jwe mizik
cho pou nou ak fif nou, nou pa danse. Nou chante chante
ki tris pou nou, nou pa kriye. **33** Jan Batis vini, li pa manje
pen, ni li pa bwè diven, nou di: Li gen yon move lespri
sou li. **34** Mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a,
mwen vini, mwen manje, mwen bwè, nou di: Gade yon
nonm! Se manje ak bwè ase l' konnen; se zanmi pèseptè
kontribisyon ak moun k'ap fè sa ki mal li ye. **35** Men, tout
moun ki asepte bon konprann Bondye a, yo moutre se
Bondye nan bon konprann li ki gen rezon. **36** Yon farizyen
te envite Jezi vin manje avè li. Jezi ale lakay farizyen an;
li chita bò tab la pou l' manje. **37** Nan lavil sa a, te gen
yon fanm movèz vi. Lè fanm lan pran nouvèl Jezi t'ap
manje lakay farizyen an, li pote yon ti boutèy fèt an albat
plen odè. **38** Li mete kò l' dèyè bò pye Jezi. Li kriye, li
kriye, li mouye pye Jezi ak dlo ki t'ap soti nan je li. Apre
sa, li siye yo ak cheve l', li bo yo, epi li vide odè sou yo.
39 Lè farizyen ki te envite Jezi a wè sa, li t'ap di nan kè l':
Si nonm sa a te yon pwofèt vre, se pou l' ta konnen ki
kalite moun fanm sa k'ap manyen l' lan ye, li ta konnen ki
movèz vi fanm sa a ap mennen. **40** Lè sa a, Jezi pran
lapawòl, li di l' konsa: Simon, mwen gen kichòy pou m' di
ou. Simon reponn li: Mèt, ou mèt pale wi. **41** Jezi di li:
Vwala, se te de moun ki te dwe yon nonm ki te prete yo
lajan; premye a te dwe l' senksan (500) goud; lòt la te
dwe l' senkant goud. **42** Ni yonn ni lòt pa t' gen dekwa
peye dèt la. Lè sa a, nonm lan di yo yo pa bezwen peye
dèt la ankò. Kilès nan yo de a va renmen l' plis? **43** Simon
reponn li: Mwen ta kwè se nonm ki te dwe l' plis la. Jezi di
l': Ou byen reponn. **44** Epi li vire bò fanm lan, li di Simon:
Ou wè fanm sa a? Mwen antre lakay ou, ou pa menm ban
m' dlo pou m' lave pye m'; men li menm, li lave pye m' ak
dlo ki soti nan je l'. Apre sa, li siye yo ak cheve li. **45** Ou
pa te bo m' lè m' t'ap antre lakay ou; men li menm, depi
mwen antre se bo l'ap bo pye m'. **46** Ou pa vide lwil sou
tèt mwen; men li menm, li vide odè sou pye mwen. **47** Se
poutèt sa, mwen di ou: li fè tout bagay sa yo pou moutre
jan li renmen anpil, paske yo padonnen li anpil peche.
Men, yon moun yo padonnen yon ti kras, se yon ti kras
l'ap moutre jan l' renmen tou. **48** Apre sa, Jezi di fanm
lan: Peche ou yo padonnen. **49** Moun ki te chita bò tab
la avèk li yo pran di nan kè yo: Ki moun nonm sa a ye
menm pou li padonnen peche? **50** Men Jezi di fanm lan:
Se konfyans ou nan Bondye ki sove ou. Ale ak kè poze.

8 Apre sa, Jezi mache ale nan tout lavil yo ak nan tout
bouk yo. Li t'ap mache bay mesaj la, li t'ap anonse bon
nouvèl peyi kote Bondye Wa a. Douz disip yo te toujou
avè li. **2** Te gen kèk fanm avè l' tou. Se moun li te wete
move lespri sou yo, li te geri maladi yo. Te gen Mari (yo te
rele moun Magdala a). Jezi te wete sèt move lespri sou li.
3 Te gen Jan, madanm Chouza, yonn nan jeran Ewòd yo.
Te gen Sizan ak anpil lòt ankò. Yo tout yo t'ap ede Jezi
ansanm ak disip li yo ak sa yo te genyen. **4** Lè sa a, te
gen yon gwo foul moun ki te sanble; moun te soti nan
divès vil vin bò kot Jezi. Li pran rakonte yo parabòl sa a: **5**
Yon nonm soti pou li ale simen grenn nan jaden li. Pandan
l' t'ap simen grenn yo, kèk grenn tonbe bò chemen an:
Pye pile yo, zwezo nan syèl vini, yo manje yo. **6** Yon pati
tonbe nan mitan wòch; grenn yo leve. Men, yo cheche
paske yo pa t' jwenn tè fre. **7** Yon lòt pati tonbe nan mitan
pye pikan. Pye pikan yo grandi ansanm ak bon ti plant yo,
yo toufe yo. **8** Men, yon lòt pati ankò tonbe nan bon tè.
Plant yo leve, yo donnen: yo bay san (100) pou yonn.
Lè l' fin di sa, li di ankò: Si nou gen zòrèy pou n' tande,
tande. **9** Disip li yo mande l' kisa parabòl sa a vle di. **10** Li
reponn yo: Pou nou, yo fè nou konnen tout sekrè peyi
kote Bondye Wa a. Men, pou lòt moun yo, yo ba yo l' an
parabòl; konsa yo mèt gade, yo p'ap wè, yo mèt tande, yo
p'ap konprann. **11** Men sa parabòl sa a vle di: Grenn y'ap
simen an se pawòl Bondye. **12** Gen moun ki sanble ak tè
bò chemen kote grenn yo tonbe a. Yo tande, men Satan
vini, li rache pawòl la nan kè yo pou yo pa kwè, pou yo pa

sove. **13** Gen lòt moun ki sanble tè ki gen anpil wòch la.
Yo tande pawòl la, yo resevwa l' ak kè kontan; men yo pa
kite l' pouse rasin, yo pa kwè l' pou lontan. Lè eprèv tonbe
sou yo, yo vire do bay Bondye. **14** Grenn ki tonbe nan
mitan pikan yo, se moun ki tande pawòl la, men lè y al fè
wout yo, yo kite traka lavi, richès ak plezi ki nan lavi toufè
l'. Yo donnen men donn yo pa janm rive rèk. **15** Grenn ki
tonbe nan bon tè a, se moun ki sensè, ki gen bon kè, ki
tande pawòl la, yo kenbe l' nan kè yo. Yo toujou rete fèm
jouk yo donnen. **16** Pesonn pa limen yon lanp pou l' kouvri
l' anba yon mamit, osinon pou l' mete l' anba yon kabann.
Li mete l' sou yon etajè. Konsa, moun k'ap antre yo kapab
wè limyè a. **17** Nanpwen anyen ki kache ki p'ap devwale,
nanpwen sekrè pou moun pa rive konnen, ki p'ap parèt
aklè. **18** Se poutèt sa, fè atansyon jan n'ap tande pawòl
la. Paske, moun ki genyen deja a, y'a ba li ankò. Men,
moun ki pa gen anyen an, y'a wete nan men l' menm ti sa
l' te kwè li te genyen an. **19** Manman Jezi ak frè l' yo te
vin kote li. Men, yo pa t' kapab rive pre li akòz foul moun
yo. **20** Moun yo di l' konsa: Men manman ou ak frè ou yo
deyò a. Yo anvi wè ou. **21** Men, Jezi di yo tout: Manman
m' ak frè m', se moun ki koute pawòl Bondye a epi ki fè sa
pawòl la di. **22** Yon jou, Jezi moute nan yon kannòt ak
disip li yo. Li di yo: Ann janbe lòt bò letan an. Lamenm yo
pati. **23** Pandan yo t'ap navige, dòmi pran Jezi. Yon gwo
van vin leve sou letan an, dlo kòmanse plen kannòt la,
kifè lavi yo tout te an danje. **24** Yo pwoche bò kot Jezi yo
souke l', yo di li: Mèt, Mèt, se mouri n'ap mouri wi! Jezi
leve, li pale byen fò ak van an ansanm ak lanm lanmè yo:
tout bagay vin byen trankil, yon gwo kalmi fèt. **25** Epi Jezi
di yo: Kote konfyans nou ye? Men, yo te pè, yo te sezi.
Yonn t'ap di lòt konsa: Ki moun li ye menm? Li kòmande
menm van ak lanmè, yo obeyi li. **26** Yo fè tè nan peyi
Jerazenyen yo ki lòt bò letan an, vizaviz ak Galile. **27** Jezi
desann atè. Lamenm yon nonm lavil la vin devan l': nonm
lan te gen anpil move lespri sou li. Depi lontan li pa t' janm
vle mete rad sou li, ni li pa t' vle rete nan ankenn kay, se
nan mitan tonm mò yo li t'ap viv. **28** Lè l' wè Jezi, li bay
yon gwo rèl, li lage kò l' atè devan Jezi, li pran pale byen
fò, li di li konsa: Kisa m' gen avè ou, Jezi, Pitit Bondye ki
anwo nan syèl la? Tanpri souple, pa fè m' soufri. **29** Li te
pale konsa paske Jezi te pase move lespri a lòd pou li soti
sou nonm lan. Anpil fwa, lespri a te vin sou li: lè konsa,
yo te konn mare tou de men l' ak tou de pye l' ak chenn
pou l' pa t' kouri. Men, li te jwenn mwayen pete chenn
yo epi move lespri a te mennen l' ale nan dezè. **30** Jezi
mande li: Ki jan ou rele? Li reponn: Yo rele m' Rejiman. Li
di sa paske se anpil move lespri ki te sou nonm lan. **31**
Lespri yo t'ap mande Jezi: Tanpri souple, pa voye n' ale
nan gwo twou san fon an. **(Abyssos g12)** **32** Sou ti mòn
lan te gen yon bann kochon ki t'ap chache manje pou yo
manje. Move lespri yo pran mande Jezi: Tanpri souple,
kite nou antre nan kochon sa yo. Jezi ba yo pèmisyon
sa a. **33** Lè sa a, move lespri yo soti sou nonm lan, yo
antre nan kochon yo. Lamenm tout bann kochon yo pran
degrengole desann bò falèz la, y' al neye tèt yo nan letan
an. **34** Moun ki t'ap gade kochon yo, lè yo wè sak te rive,
yo pran kouri, yo gaye nouvèl la nan lavil la kou andeyò.
35 Moun soti pou y' al wè sak te pase. Lè yo rive kote Jezi
te ye a, yo jwenn nonm lan: move lespri yo te soti sou li, li
te chita nan pye Jezi byen abiye ak tout bon sans li sou li.
Yo tout te pè. **36** Moun ki te asiste bagay la mete rakonte
yo ki jan nonm ki te gen move lespri sou li a te geri. **37**
Lè sa a, tout moun nan peyi Jerazenyen yo mande Jezi
pou li al fè wout li kite peyi a, paske yo te pè anpil. Jezi
moute nan kannòt la pou l' ale. **38** Nonm ki te gen move
lespri soti sou li a mande l' pou li ale avèk li tou. Men, Jezi
voye l' ale, li di li: **39** Tounen lakay ou; al rakonte tou sa
Bondye fè pou ou. Nonm lan pati, li mache fè konnen tou
sa Jezi te fè pou li nan tout lavil la. **40** Lè Jezi tounen lòt
bò letan an, yon foul moun resevwa l', paske tout moun
t'ap tann li. **41** Yon nonm yo rele Jayiris vin rive. Se li ki te
chèf sinagòg la. Li lage kò l' nan pye Jezi, li mande li:
Tanpri souple, ann al lakay. **42** Mwen gen yon tifi douzan
ki sèl pitit fi m', mwen kite l' prèt pou mouri. Pandan Jezi
tapral lakay Jayiris, yon foul moun t'ap kwense l' toupatou.
43 Te gen yon fanm nan foul moun yo ki te malad: Depi
douzan li t'ap pèdi san. Li te fin depanse tout byen l' kay
dòktè, san yo yonn pa t' kapab geri li. **44** Li pwoche pa
dèyè, li manyen ke rad Jezi. Latou, san an rete. **45** Jezi
mande: Ki moun ki manyen m' lan? Tout moun pran di se
pa yo. Lè sa a, Pyè di li: Men, Mèt, se nan mitan yon
foul moun ou ye, moun ap kwense ou tout jan. **46** Men,
Jezi reponn li: Mwen di ou gen yon moun ki manyen m',
paske mwen santi yon fòs soti sou mwen. **47** Lè sa a,
fanm lan wè yo te dekouvri l', li pran tranble kou yon fèy
bwa, li vin lage kò l' nan pye Jezi, li pran rakonte devan
tout pèp la poukisa li te manyen l', ki jan li te geri menm lè
a tou. **48** Jezi di li: Mafi, se konfyans ou nan Bondye ki
geri ou; ale ak kè poze. **49** Jezi t'ap pale toujou lè yon
nonm soti lakay chèf sinagòg la vin di li: Tifi ou la mouri;
ou pa bezwen deranje mèt la pase sa. **50** Men, lè Jezi
tande sa, li di Jayiris konsa: Pa pè. Sèlman, met konfyans
ou nan mwen, pitit la va geri. **51** Lè Jezi rive lakay la, li pa
kite tout moun yo antre ak li. Li pran Pyè, Jan, Jak epi
papa ak manman pitit la. **52** Tout moun t'ap kriye, yo t'ap
plenn lanmò pitit la. Jezi di yo: Pa kriye. Pitit la pa mouri,
se dòmi l'ap dòmi. **53** Lè sa a, yo tonbe pase l' nan betiz
paske yo te konnen tifi a fin mouri. **54** Men, Jezi pran men
pitit la, li pale byen fò, li di konsa: Tifi, leve. **55** Lespri tifi a
tounen sou li ankò, menm lè a li leve. Jezi pase lòd pou
yo ba l' manje. **56** Papa ak manman tifi a te sezi anpil,
men Jezi bay yo lòd pou yo pa di pesonn sak te pase.

9 Jezi sanble douz disip li yo, li ba yo pouvwa ak otorite
pou chase tout move lespri, pou geri tout maladi. **2**
Apre sa, li voye yo mache fè konnen gouvènman Bondye
Wa a, li voye yo geri malad yo tou. **3** Li di yo: Pa pran
anyen pou vwayaj la: ni baton, ni sak, ni pen, ni lajan,
pa menm yon rad derechanj. **4** Rete nan yon sèl kay,
kay kote y'a resevwa nou an, jouk nou pati kite peyi a. **5**

Tout kote moun pa vle resevwa nou, kite lavil sa a, souke
pousyè pye nou; konsa yo p'ap ka di nou pa t' avèti yo. **6**
Disip yo pati, yo mache ale nan tout bouk, yo t'ap anonse
bon nouvèl la, yo t'ap geri moun malad toupatou. **7** Lè
sa a, Ewòd t'ap gouvènen nan peyi Galile a. Li te pran
nouvèl tou sak t'ap pase. Men, li pa t' konnen sa pou l' te
kwè. Gen moun ki t'ap di: Se Jan Batis ki leve pami mò
yo. **8** Gen lòt ki t'ap di: Se Eli ki parèt. Gen lòt ki t'ap di
ankò: Se yonn nan ansyen pwofèt yo ki leve pami mò
yo. **9** Men Ewòd t'ap di: Mwen te fè koupe tèt Jan. Men,
nonm mwen tande y'ap nonmen non l' anpil la, kilès li ye
menm? Li t'ap chache wè Jezi. **10** Lè apòt yo tounen, yo
rakonte Jezi tou sa yo te fè. Li pran yo avèk li, yo pati
ansanm pou kont yo pou lavil Betsayda. **11** Men, lè foul
moun yo vin konn sa, yo pati dèyè li. Jezi resevwa yo, li
pale yo sou peyi kote Bondye Wa a, li geri tout moun ki
te malad. **12** Lè solèy kòmanse kouche, douz disip yo
pwoche bò kot Jezi, yo di li: Voye moun yo ale pou yo ka
achte manje, pou yo jwenn kote pou yo dòmi nan bouk yo
ak nan vwazinaj la; paske isit la nou nan mitan yon dezè.
13 Jezi di yo: Poukisa nou pa ba yo manje pito! Men, yo
reponn: Nou gen senk pen ak de pwason sèlman. Ou ta
vle pou n' al achte manje pou n' bay tout pèp sa a? **14**
(Te gen senkmil (5.000) gason konsa.) Jezi di disip li yo:
Fè yo chita pa ranje senkant konsa. **15** Disip yo koute
l', yo fè tout moun chita. **16** Jezi pran senk pen ak de
pwason yo, li leve je l' nan syèl la, li di Bondye mèsi pou
manje a. Apre sa, li separe l', li renmèt li bay disip yo
pou mache bay foul moun yo. **17** Tout moun manje vant
plen. Lèfini, disip yo ranmase douz panyen plen moso
ki te rete. **18** Yon jou, Jezi te pou kont li, li t'ap lapriyè.
Disip li yo vin jwenn li, li mande yo: Ki moun yo di mwen
ye? **19** Yo reponn li: Gen moun ki di ou se Jan Batis!
Gen lòt ki di ou se Eli. Gen lòt ankò ki di ou se yonn nan
ansyen pwofèt yo ki leve pami mò yo. **20** Li mande yo:
Bon, nou menm, ki moun nou di mwen ye? Pyè reponn li:
Ou se Kris la, Moun Bondye chwazi pou voye a. **21** Jezi
pase yo lòd sevè pou yo pa di pesonn sa. **22** Apre sa,
li di yo: Mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a,
mwen gen pou m' soufri anpil. Chèf fanmi yo, chèf prèt yo
ak dirèktè lalwa yo, yo yonn p'ap vle wè mwen. Y'ap fè
yo touye mwen. Men, sou twa jou m'ap leve soti vivan
nan lanmò. **23** Epi li di yo tout: Si yon moun vle mache
dèyè m', se pou li bliye tèt li. Se pou li chaje kwa l' sou
zèpòl li chak jou, epi swiv mwen. **24** Paske, moun ki ta vle
sove lavi l' va pèdi li. Men, moun ki va pèdi lavi l' poutèt
mwen, la sove li. **25** Kisa sa ta sèvi yon moun pou l' ta
genyen lemonn antye, si l' pèdi nanm li, ou si l' detwi lavi
li? **26** Si yon moun wont di se moun mwen li ye, si li wont
pale pawòl mwen, enben, mwen menm tou, Moun Bondye
voye nan lachè a, lè m'a tounen nan tout pouvwa m' ak
tout bèl pouvwa Papa m', nan mitan lame zanj li yo, m'a
wont pran li pou moun pa m' tou. **27** Sa m'ap di nou la a,
se vre wi: nan moun ki la koulye a, gen ladan yo ki p'ap
mouri san yo pa wè gouvènman Bondye a. **28** Wit jou
konsa, apre li te fin di pawòl sa yo, Jezi pran Pyè, Jan ak
Jak. Li moute sou yon mòn pou li al lapriyè. **29** Antan li
t'ap lapriyè, figi l' pran chanje, rad li vin klere tou blan.
30 Te gen dezòm ki t'ap pale ak Jezi: se te Moyiz ak Eli,
31 ki te parèt nan mitan yon bèl limyè ki soti nan syel la. Yo
t'ap pale avèk li sou jan li tapral mouri lavil Jerizalèm pou
l' te ka akonpli misyon li. **32** Yon bon dòmi te gen tan vòlè
Pyè ak kanmarad li yo. Men, lè yo leve, yo wè bèl limyè ki
te vlope Jezi ansanm ak de mesye ki te bò kote l' yo. **33**
Antan mesye yo tapral kite Jezi Pyè di li: Mèt, sa te bon
nèt pou nou te la. Ann moute twa ti kay, yonn pou ou,
yonn pou Moyiz ak yonn pou Eli. Li pa t' konnen sa l' t'ap
di. **34** Pandan li t'ap pale konsa, yon nwaj vin kouvri yo ak
lonbraj li. Lè disip yo wè nwaj la ap vin sou yo, yo te pè.
35 Lè sa a, yo tande yon vwa ki soti nan nwaj la ki di:
Moun sa a se pitit mwen, moun mwen chwazi a. Koute li!
36 Apre vwa a fin pale, Jezi te pou kont li ankò. Disip yo te
fèmen bouch yo sou sa. Lè sa a, yo pa t' rakonte pesonn
sa yo te wè. **37** Nan denmen, yo desann soti sou mòn
lan. Yon gwo foul moun te vin kontre Jezi. **38** Nan mitan
foul la, yon nonm pran rele: Mèt, tanpri, voye je ou sou
pitit gason m' lan. Souple, se yon sèl la mwen genyen. **39**
Li gen yon move lespri ki konn pran l', lè konsa lespri a
fè l' bay yon sèl rèl, li souke l' byen souke, li fè bouch
li kimen. Se pa ti maltrete li maltrete ti bway la. Epi se
tout yon traka lè pou l' soti sou li. **40** Mwen te mande
disip ou yo pou yo te chase move lespri a, men yo pa
t' kapab. **41** Jezi reponn: Ala moun san konfyans nan
Bondye! Ala move moun! Jouk kilè pou m' rete nan mitan
nou? Jouk kilè pou m' sipòte nou? Mennen ti bway la isit.
42 Pandan yo t'ap mennen ti bway la vini move lespri a
fese l' atè, li souke l' byen souke. Men, Jezi pale byen fò
avèk move lespri a. Li geri pitit la, li renmèt li bay papa li.
43 Tout moun te sezi pou wè jan Bondye gen pouvwa.
Pandan moun yo te nan ladmirasyon pou tou sa Jezi
t'ap fè konsa, Jezi di disip li yo: **44** Fè sa antre nan tèt
nou byen: Mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a,
mwen gen pou m' tonbe anba men lèzòm. **45** Men, disip
yo pa t' konprann pawòl la; sans li te kache pou yo, yo pa
t' ka konnen sa sa te vle di: epi yo te pè poze l' keksyon
sou sa tou. **46** Apre sa, disip yo t'ap diskite yonn ak lòt
pou konnen kilès nan yo ki te pi grannèg. **47** Jezi vin
konnen lide ki te nan tèt yo: li pran yon timoun piti li mete l'
bò kote li. **48** Epi li di yo: Nenpòt moun ki resevwa timoun
sa a poutèt mwen, se mwen menm menm li resevwa.
Nenpòt moun ki resevwa m', li resevwa moun ki voye m'
lan tou. Moun ki pi piti nan mitan nou tout la a, se li ki pi
grannèg. **49** Jan pran lapawòl, li di: Mèt, nou te wè yon
nonm ki pran non ou pou chase move lespri. Nou te vle
anpeche l' fè sa paske li pa t'ap mache avèk nou. **50** Jezi
reponn li: Kite l' non. Moun ki pa kont ou, se moun pa ou li
ye. **51** Dat pou Jezi te moute nan syèl la t'ap pwoche. Lè
sa a li pran desizyon l', li pran chemen Jerizalèm. **52** Li
voye kèk mesaje devan. Yo pati. Yo antre nan yon bouk
peyi Samari pou pare yon kote pou Jezi desann. **53** Men,

moun yo pa t' vle resevwa l', paske li tapral Jerizalèm. **54** Lè Jak ak Jan, de nan disip yo, wè sa, yo di li: Mèt, ou pa ta vle nou bay lòd pou dife nan syèl la desann fin ak yo? **55** Jezi vire bò kote yo, li pale byen sèvè ak yo. **56** Apre sa, y' ale nan yon lòt bouk. **57** Pandan yo t'ap mache, yon nonm di Jezi konsa: M'ap swiv ou tout kote ou prale. **58** Jezi reponn li: Chat mawon gen twou yo, zwezo nan syèl la gen nich yo tou. Men, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen pa gen kote pou m' poze tèt mwen. **59** Jezi di yon lòt: Swiv mwen. Men, nonm lan reponn li: Mèt, pèmèt mwen al antere papa m' anvan. **60** Men, Jezi di li: Kite moun mouri antere moun mouri yo. Ou menm, al fè konnen gouvènman Bondye a. **61** Yon lòt di l' ankò: M'ap swiv ou wi, Mèt. Men, kite m' al di moun lakay mwen yo orevwa. **62** Jezi reponn li: Moun ki mete men nan yon travay, epi k'ap vire tèt gade dèyè, moun konsa pa ka sèvi nan peyi kote Bondye Wa a.

10 Apre sa, Seyè a chwazi swasanndis lòt disip; li voye yo devan l' de pa de nan tout lavil ak tout kote li menm li te gen pou l' ale. **2** Li di yo: Rekòt la anpil, men pa gen ase travayè pou ranmase li. Mande mèt jaden an pou l' voye travayè nan jaden l' lan. **3** Ale: m'ap voye nou tankou ti mouton nan mitan chen mawon. **4** Pa pote ni lajan, ni manje, ni soulye. Pa rete nan di pesonn bonjou nan chemen an. **5** Lè nou antre nan yon kay, premye bagay pou nou di: benediksyon pou tout moun ki nan kay la. **6** Si gen yon moun ki ka resevwa benediksyon an, benediksyon an va desann sou li; si pa genyen, benediksyon an va tounen vin jwenn ou. **7** Rete nan kay sa a; manje, bwè tou sa y'a ban nou, paske moun ki travay merite pou yo peye l' lajan travay li. Pa soti nan yon kay pou al rete nan yon lòt. **8** Lè nou antre man yon lavil, si yo resevwa nou, manje sa y'a mete devan nou. **9** Geri moun malad ki nan lavil la, di tout moun yo: Gouvènman Bondye a rive toupre nou. **10** Men, lè nou antre nan yon lavil, si yo pa resevwa nou, mache nan tout lari, di yo konsa: **11** Men n'ap souke pousyè lavil nou an ki te kole anba pye nou, nou fini ak nou. Tansèlman, konnen byen: Gouvènman Bondye a te rive toupre nou. **12** M'ap di nou sa: Jou jijman an, y'ap peni lavil sa a pi rèd pase lavil Sodòm. **13** Malè pou nou, moun lavil Korazen! Malè pou nou tou, moun lavil Betsayda! Paske, si mirak ki fèt nan mitan nou yo, se te nan mitan lavil Tir ak lavil Sidon yo te fèt, gen lontan moun sa yo ta chita atè, yo ta mete rad sak sou yo, yo ta kouvri kò yo ak sann dife pou fè wè yo vle tounen vin jwenn Bondye. **14** Se poutèt sa, jou jijman an, y'a peni nou pi rèd pase moun lavil Tir ak moun lavil Sidon. **15** Nou menm, moun lavil Kapènawòm: nou ta vle yo leve nou jouk nan syèl la; enben y'ap bese nou desann jouk anba kote mò yo ye a. **(Hadēs g86)** **16** Li di disip li yo ankò: Moun ki koute nou, se mwen menm yo koute. Moun ki repouse nou, se mwen menm yo repouse. Moun ki repouse m', se moun ki voye m' lan yo repouse. **17** Swasanndis disip yo tounen ak kè kontan, yo di li: Mèt, ata move lespri yo soumèt devan nou, lè nou pran non ou pou chase yo. **18** Jezi di yo: Mwen te wè Satan ap tonbe sot nan syèl la tankou yon zèklè. **19** Koute: Mwen ban nou pouvwa pou nou mache sou sèpan ak eskòpyon, pou nou kraze tout pouvwa Satan anba pye nou, pou anyen pa kapab fè nou mal. **20** Men, nou pa bezwen kontan dapre move lespri yo soumèt devan nou. Fè kè n' kontan pito dapre non nou ekri nan syèl la. **21** Lè sa a, Sentespri a te fè kè Jezi kontan anpil. Jezi di konsa: O Papa, ou menm ki mèt syèl la ak tè a, mwen di ou mèsi anpil dapre ou pran bagay ou te kache nan je gwo save ak moun lespri yo ou devwale yo bay ti piti yo. Wi, Papa mwen, sa pase konsa paske se konsa ou te vle li. **22** Papa m' renmèt tout bagay nan men mwen. Pesonn pa konn kilès moun Pitit la ye, esepte Papa a; pesonn pa konn kilès moun Papa a ye, eseptè Pitit la, ak moun Pitit la vle fè konnen li. **23** Apre sa, Jezi vire bò disip li yo, li rele yo apa, li di yo: benediksyon pou nou k'ap wè sa n'ap wè a. **24** Paske, m'ap di nou sa: anpil pwofèt ak anpil wa te anvi wè sa n'ap wè la a, men yo pa t' wè li, yo te anvi tande sa n'ap tande la a, men yo pa t' tande li. **25** Yon dirèktè lalwa vin rive. Pou l' pran Jezi nan pèlen li di l' konsa: Mèt, kisa pou m' fè pou m' resevwa lavi ki p'ap janm fini an? **(aiōnios g166)** **26** Jezi di li: Kisa ki ekri nan lalwa? Ki jan ou konprann li? **27** Nonm lan reponn: Se pou ou renmen Mèt la, Bondye ou, ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout fòs kouraj ou, ak tout lide ou. Se pou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou. **28** Jezi di li: Ou byen reponn. Si ou fè sa, wa gen lavi. **29** Men, dirèktè lalwa a te vle bay tèt li rezon, kifè li mande Jezi: Ki moun ki frè parèy mwen? **30** Jezi reponn li konsa: Vwala, yon nonm t'ap desann soti Jerizalèm, li tapral Jeriko. Kèk ansasen atake l', yo vòlò ata rad ki te sou li, yo bat li byen bat, yo kite li twaka (3/4) mò. **31** Lè sa a, yon prèt vin ap desann sou menm wout la, li wè nonm lan, men li janbe lòt bò wout la, li al fè wout li. **32** Konsa tou, yon moun Levi vin ap pase menm kote a, li rive toupre, li wè nonm lan, men li janbe lòt bò wout la, li al fè wout li. **33** Men, yon moun peyi Samari ki t'ap vwayaje sou menm wout la rive bò kote nonm lan; kè l' fè l' mal lè li wè nonm lan. **34** Li pwoche kote l', li vide lwil ak diven sou blese l' yo, li panse yo. Apre sa, li mete nonm lan sou bèt li te moute a. Li mennen l' nan yon lotèl kote li pran swen li. **35** Nan denmen, li rale kòb nan pòch li, li bay mèt lotèl la, epi li di li: Okipe nonm sa a pou mwen. Lè m' tounen isit la ankò m'a renmèt ou tout depans ou va fè anplis pou li. **36** Apre sa, Jezi di nonm lan: Dapre ou, nan twa moun sa yo, kilès ki te moutre li se frè parèy nonm ki te tonbe nan men ansasen yo? **37** Dirèktè lalwa a reponn: Nonm ki te gen pitye pou li a. Jezi di li: Ale, fè menm bagay la tou. **38** Jezi al fè wout li ansanm ak disip li yo. Li antre nan yon ti bouk kote yon fanm yo rele Mat resevwa l' lakay li. **39** Mat sa a te gen yon sè yo rele Mari. Mari te chita nan pye mèt la, li t'ap koute pawòl li yo. **40** Mat menm t'ap fatige kò l' ak tout travay ki te pou fèt nan kay la. Lè sa a, li vini, li di: Mèt, sa pa fè ou anyen pou ou wè sè m' lan kite m' ap fè tout

travay la pou kont mwen? Manyè di l' ede m' non. 41 Jezi
reponn li: Mat, Mat. W'ap trakase tèt ou, w'ap bat kò ou
pou yon bann bagay. 42 Men, se yon sèl bagay ki nesesè.
Se li Mari chwazi, yo p'ap janm wete l' nan men li.

11 Yon lè, Jezi t'ap lapriyè yon kote. Lè l' fin lapriyè,
yonn nan disip li yo di li: Mèt, moutre nou lapriyè
tankou Jan te moutre patizan li yo. 2 Jezi di yo: Lè n'ap
lapriyè, men sa pou n' di: Papa, nou mande pou non ou
toujou respekte. vin tabli gouvènman ou lan. 3 Chak jou,
ban nou manje nou bezwen pou jounen an. 4 Padonnen
peche nou yo, paske nou menm tou nou padonnen tout
moun ki fè nou mal. Pa kite nou nan pozisyon pou n'
tonbe nan tantasyon. 5 Jezi di yo ankò: Sipoze yonn nan
nou ta gen yon zanmi, li al jwenn zanmi an nan mitan
lannwit pou l' di li: Zanmi, prete m' twa biswit. 6 Mwen
gen yon zanmi ki sot nan vwayaj ki fèk rive lakay mwen.
Mwen pa gen anyen pou m' ba li. 7 Sipoze nonm lan rete
anndan lakay li, li reponn li: Kite m' an repo! Pòt la gen
tan fèmen akle, ni mwen ni timoun yo, nou tout kouche
deja. Mwen pa kapab leve pou m' ba ou biswit yo. 8
M'ap di nou sa: Menm si li pa ta leve pou l' ba li biswit
yo paske li se zanmi l', li gen pou l' leve pou l' ba li tou
sa li bezwen, si zanmi an pa wont kontinye mande li. 9
Mwen menm mwen di nou: Mande, y'a ban nou, chache
n'a jwenn, frape y'a louvri pou nou. 10 Paske, nenpòt
moun ki mande, la resevwa; moun ki chache, la jwenn;
y'a louvri pou moun k'ap frape. 11 Eske yonn nan nou
ki papa pitit ta bay pitit li yon koulèv si pitit la mande l'
yon pwason? 12 Osinon, èske la ba li yon èskòpyon si li
mande l' yon ze? 13 Si nou menm ki mechan jan nou
mechan an, nou konn bay pitit nou bon bagay, se pa Papa
nou ki nan syèl la ki pou ta refize ban nou Sentespri l', lè
nou mande l' li. 14 Jezi t'ap chase yon move lespri ki te
rann yon nonm bèbè. Lè move lespri a soti, bèbè a pale.
Foul moun yo menm te rete men nan bouch. 15 Men, gen
kèk moun ki t'ap di: Se Bèlzeboul, chèf move lespri yo, ki
ba l' pouvwa chase move lespri yo. 16 Gen lòt ki te vle
pran l' nan pèlen: yo mande l' pou l' fè yon mirak ki pou
moutre se Bondye ki ba l' pouvwa sa a. 17 Jezi menm te
konnen sak te nan lide yo. Li di yo konsa: Yon peyi ki gen
divizyon ladan l', kote moun ap goumen yonn ak lòt, peyi
sa a la pou disparèt; menm kay yo gen pou tonbe yonn
sou lòt. 18 Konsa tou, si Satan ap konbat pwòp tèt li,
pouvwa Satan an pa la pou lontan. Nou di se Bèlzeboul ki
ban m' pouvwa chase move lespri yo. 19 Si mwen menm
mwen chase move lespri ak pouvwa Bèlzeboul, patizan
nou yo, ak ki pouvwa yo chase move lespri yo? Se poutèt
sa se yo menm k'ap ban nou tò. 20 Non. Se avèk pouvwa
Bondye mwen chase move lespri yo; sa vle di: Pouvwa
gouvènman Bondye ki Wa a gen tan rive sou nou. 21 Lè
yon nonm vanyan ap veye kay li, zam li nan men l', tout
byen l' yo byen pwoteje. 22 Men, si yon pi vanyan pase l'
vin rive, l'ap bat li, l'ap wete zam ki te ba l' fòs yo nan men
l', l'ap piye tou sa l' te genyen an l'ap separe ak lòt. 23
Moun ki pa avèk mwen, se kont mwen yo ye; moun ki
p'ap ede m' ranmase, se gaye y'ap gaye. 24 Lè yon move
lespri soti nan yon nonm, li al pwonmennen toupatou nan
dezè, l'ap chache yon kote pou l' pran repo. Si l' pa jwenn,
l'ap di nan kè li: m'ap tounen lakay mwen kote m' soti a.
25 Lè l' rive, li jwenn nonm lan tankou yon kay byen bale,
byen ranje. 26 Lè sa a, li al chache sèt lòt lespri ki pi
move pase li; yo antre nan kay la, yo enstale yo. Konsa,
kondisyon nonm lan vin pi mal pase jan l' te ye anvan
an. 27 Pandan Jezi t'ap pale konsa, yon fanm pran pale
byen fò nan mitan foul la, epi l' di: Fanm ki te pote ou
nan vant li epi ki te ba ou tete a, se yon fanm Bondye
beni! 28 Jezi reponn li: Moun ki koute pawòl Bondye epi
ki mete l' an pratik, se yo menm Bondye beni. 29 Anpil
moun t'ap vin an kantite bò kot Jezi. Li pran di yo: Ala
move moun se moun alèkile yo! Y'ap mande yon mirak ki
pou fè yo wè Bondye dakò ak sa k'ap fèt la. Men, yo p'ap
jwenn lòt mirak pase mirak Jonas la. 30 Menm jan Jonas
te yon avètisman pou moun lavil Niniv yo, se konsa tou
Moun Bondye voye nan lachè a va yon avètisman pou
moun alèkile yo. 31 Jou jijman an, larenn peyi ki nan sid
la va leve kanpe, la fè yo kondannen moun alèkile yo.
Paske, li te soti byen lwen, jouk nan dènye bout latè, pou
l' te vin tande pawòl bon konprann wa Salomon yo. Men
isit la, gen bagay ki pi konsekan pase wa Salomon. 32
Jou jijman an tou, moun lavil Niniv va leve kanpe y'a fè
yo kondannen moun alèkile yo. Paske yo menm, yo te
tounen vin jwenn Bondye, lè Jonas te fè yo konnen mesaj
la. Men isit la, gen bagay ki pi konsekan pase Jonas. 33
Pa gen moun ki pou kache yon lanp nan yon kwen osinon
ki pou mete l' anba yon mamit lè l' fin limen li. Okontrè,
l'ap mete l' sou yon etajè pou tout moun k'ap antre ka wè
limyè a. 34 Je ou se tankou yon lanp yo ye pou kò ou. Si
je ou an bon eta, tout kò ou nan limyè. Men, si je ou an
move eta, tout kò ou nan fènwa. 35 Fè sèten pou limyè ki
anndan ou lan pa fènwa. 36 Paske si tout kò ou nan limyè
san yon sèl pati ladan l' pa nan fènwa, la klere nèt tankou
lè yon lanp klere ou ak bèl limyè li. 37 Lè Jezi fin pale,
yon farizyen envite l' vin manje lakay li. Jezi antre, li al
chita bò tab la. 38 Farizyen an te sezi lè l' wè Jezi pa t'
lave men l' anvan l' manje. 39 Men, Jezi di li: Nou menm
farizyen, se konsa nou ye. Nou netwaye tout deyò gode
a ak deyò plat la, men anndan kè nou se lide vòlò ak
mechanste ase ki genyen. 40 Bann egare! Bondye ki fè
deyò a, se li menm ki fè anndan an tou. 41 Pito nou bay
pòv tou sa ki nan gode nou yo ak nan plat nou yo. Lè
sa a, anyen nan tou sa nou genyen p'ap mete nou nan
kondisyon pou nou pa ka sèvi Bondye. 42 Malè pou nou,
farizyen! Nou bay Bondye ladim nan donn ti pye mant,
pye sitwon ak pye legim. Men, nou pa fè sa ki dwat devan
Bondye, nou pa renmen Bondye. Okontrè, se sa pou n' te
fè san nou pa bliye fè lòt bagay yo tou. 43 Malè pou nou,
farizyen! Nan sinagòg yo, nou renmen chita kote pou tout
moun wè nou, nou renmen pou moun bese jouk atè pou
di nou bonjou sou plas piblik. 44 Malè pou nou! Paske,

nou tankou tonm ki ra tè: moun ap mache sou yo san yo
pa konnen. 45 Yonn nan dirèktè lalwa yo pran lapawòl, li
di Jezi konsa: Mèt, lè ou pale konsa, ou joure nou tou wi.
46 Epi Jezi reponn li: Malè pou nou tou, nou menm dirèktè
lalwa yo! N'ap chaje moun ak chay ki twò lou pou pote.
Men nou menm, nou pa menm manyen l' ak ti dwèt nou.
47 Malè pou nou! N'ap bati bèl tonm pou pwofèt zansèt
nou yo te touye. 48 Lè nou fè sa, nou admèt zansèt nou
yo te byen fèt; nou dakò ak yo: yo menm yo te touye
pwofèt yo, nou menm n'ap bati tonm pou yo. 49 Se poutèt
sa Bondye te di nan bon konprann li: M'ap voye pwofèt
avèk apòt ba yo; y'a touye kèk ladan yo, y'a pèsekite lòt
yo. 50 Se konsa moun alèkile yo ap reskonsab pou san
tout pwofèt ki te koule depi lè Bondye te fin kreye latè; 51
wi, depi san Abèl jouk san Zakari yo te touye ant lotèl la
ak kote ki rezève apa pou Bondye nan tanp lan. Wi. Se
mwen k'ap di nou sa: Y'a mande moun alèkile yo kont pou
tout krim sa yo. 52 Malè pou nou, nou menm direktè lalwa
yo! Nou pran kle ki pou louvri pòt kay konesans la: nou
menm nou pa antre ladann, epi moun ki ta vle antre, nou
anpeche yo antre. 53 Lè Jezi kite kote l' te ye a, dirèktè
lalwa yo ak farizyen yo kòmanse atake l' avèk fòs; yo t'ap
poze l' keksyon sou anpil bagay. 54 Yo t'ap pare pèlen
pou li pou pran kèk pawòl nan bouch li.

12 Lè sa a, se pa ti kras moun ki te sanble; te sitèlman
gen moun, yonn t'ap pile lòt. Jezi pran di disip li yo:
Veye kò nou ak ledven farizyen yo, ak ti jan ipokrit yo a. 2
Pa gen anyen ki kache ki p'ap dekouvri yon lè, nanpwen
sekrè ki p'ap devwale. 3 Se poutèt sa, tou sa n'a di nan
fènwa, y'a tande l' gwo lajounen; tout sa n'a di moun nan
zòrèy anndan chanm, y'a mache di l' nan tout kalfou. 4
Nou menm ki zanmi m', m'ap di nou sa. Nou pa bezwen
pè moun ki touye kò men ki pa kapab fè anyen plis pase
sa. 5 M'ap moutre nou moun pou nou pè a: Se Bondye
pou nou pè. Lè Bondye fin touye, li gen pouvwa pou l'
jete nan lanfè apre sa. Wi, mwen di nou se li menm pou
nou pè. **(Geenna g1067)** 6 Eske ti zwezo pa vann senk
pou dis kòb? Men, Bondye pa bliye yon sèl ladan yo. 7
Menm cheve nan tèt nou, yo tout konte. Se sak fè, nou
pa bezwen pè menm: nou vo pi plis pase anpil ti zwezo.
8 M'ap di nou sa: Moun ki va kanpe pou mwen devan
lèzòm, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a,
m'a fè menm bagay la pou li devan zanj Bondye yo. 9
Men, moun ki va di devan lèzòm li pa konnen m', mwen
menm, Moun Bondye voye nan lachè a, m'a kanpe devan
zanj Bondye yo tou m'a di mwen pa konnen l'. 10 Tout
moun ki pale mal sou Moun Bondye voye nan lachè a, y'a
padonnen yo. Men, moun ki pale mal sou Sentespri a yo
p'ap padonnen yo sa. 11 Lè y'a mennen nou pou yo jije
nou nan sinagòg, osinon devan chèf ou ankò devan lòt
otorite, pa bat tèt nou pou n' chache konnen ki jan nou
pral fè defans nou, ni kisa pou n' di. 12 Paske, Sentespri
a va moutre nou sa pou nou di lè sa a. 13 Yon moun
rete nan mitan foul la, li di Jezi konsa: Mèt, di frè m' lan
pou l' separe eritaj papa nou an avèk mwen. 14 Jezi
reponn li: Zanmi mwen, ki moun ki mete m' pou jije afè
nou osinon pou fè pataj pou nou? 15 Apre sa, li di yo
tout: Fè atansyon. Veye kò nou pou lajan pa pran tèt nou.
Paske, se pa anpil byen ki garanti lavi yon nonm, li te mèt
rich kont kò li. 16 Li di yo parabòl sa a tou: Vwala, se te
yon nonm rich ki te gen yon tè ki te rapòte l' anpil. 17 Li
t'ap di nan kè li: Kisa pou m' fè? Mwen pa gen plas pou
m' sere rekòt mwen yo. 18 Apre sa li di: Bon. Men sa
m'ap fè; m'ap kraze depo m' yo, m'ap bati lòt pi gwo pou
m' mete tout rekòt mwen yo ak tout lòt byen mwen yo. 19
Apre sa, m'a di tèt mwen: Monchè, ou gen anpil byen an
depò pou plizyè lanne. Pa fatige kò ou ankò. Manje, bwè,
pran plezi ou. 20 Men, Bondye di li: Egare! Aswè a menm
yo pral mande ou nanm ou. Tou sa ou te sere yo, pou ki
moun y'a ye? 21 Jezi di yo ankò: Se konsa sa ye tou
pou moun k'ap ranmase byen pou tèt pa l' men ki pa rich
devan Bondye. 22 Apre sa, Jezi di disip li yo: Se poutèt
sa mwen di nou: Pa bat kò nou pou manje nou bezwen
pou nou viv, ni pou rad nou bezwen pou mete sou nou.
23 Lavi pi konsekan pase manje, kò pi konsekan pase rad.
24 Gade zwezo yo rele kònèy la: yo pa plante, yo pa fè
rekòt; yo pa gen ni depo ni galata. Men, Bondye ba yo
manje. Nou menm nou vo pi plis pase zwezo yo, pa vre?
25 Kilès nan nou ki ka mete kek lanne an plis sou lavi l'
afòs li fè tèt li travay? 26 Si nou pa ka fè bagay ki pi piti
a, poukisa pou n'ap bat tèt nou pou lòt bagay yo? 27
Gade ki jan flè raje yo pouse: yo pa travay, yo pa fè rad.
Men, m'ap di nou sa: Wa Salomon ki wa Salomon, ak tout
richès li yo, li pa t' gen bèl rad tankou yonn nan flè sa yo.
28 Se konsa Bondye abiye pye zèb yo tou: jòdi a yo la,
men denmen yo jete sa nan dife pou chofe fou. Se sak fè,
se pa nou menm li pa ta abiye. Ala moun manke konfyans
nan Bondye! 29 Pa bay kò nou traka pou n' toujou ap
chache sa pou n' manje ak sa pou n' bwè. 30 Tout bagay
sa yo, se moun lòt nasyon sou latè yo k'ap chache yo
tout tan san rete. Men nou menm, nou gen yon Papa ki
konnen nou bezwen tout bagay sa yo. 31 Pito nou chache
bay bagay peyi kote Bondye Wa a premye plas nan lavi
nou, konsa Bondye va ban nou tou sa nou bezwen. 32
Nou pa bezwen pè, nou menm ti bann mouton yo, paske
se tout plezi papa nou pou l' ban nou peyi kote Bondye
Wa a. 33 Vann tou sa nou genyen, separe lajan an bay
pòv. Chache yon bous ki p'ap chire. Sere lajan nou nan
syèl kote li p'ap janm fini. Paske la, vòlò p'ap ka jwenn li,
poudbwa p'ap kapab manje li. 34 Kote richès ou ye, se
la kè ou ye tou. 35 Se pou nou toujou pare ak ponyèt
nou tou twouse, lanp nou tou limen, 36 tankou domestik
k'ap tann mèt yo tounen sot nan nòs. Kou l' rive, li frape,
yo louvri pòt pou li. 37 L'ap bon nèt pou domestik sa yo
lè mèt la p'ap jwenn yo ap dòmi! Sa m'ap di nou la a,
se vre wi. Mèt la va twouse ponyèt li, l'ap fè domestik
yo chita sou tab, la vin sèvi yo. 38 Wi, l'ap bon nèt pou
domestik sa yo, si l' jwenn yo p'ap dòmi, kit li tounen vè
menwit osinon menm pita toujou. 39 Se yon bagay nou
tout nou dwe konnen: Si mèt kay la te konn kilè vòlò ap

vini, li ta veye, li pa ta kite l' kase kay la. **40** Nou menm
tou, se pou n' toujou pare, paske Moun Bondye voye nan
lachè a va vini lè nou pa ta kwè! **41** Lè sa a Pyè di li: Mèt,
parabòl sa a, se pou nou menm sèlman osinon pou tout
moun ou di li? **42** Jezi reponn li: Ki moun ki ka di li se
yon jeran ki fè tout travay li byen, epi ki konn kenbe tèt li
anplas? Se moun sa a mèt kay la va mete pou veye sou
tout moun nan kay la, pou bay lòt domestik yo manje lè
pou yo manje. **43** Se va bèl bagay pou domestik sa a, si
mèt la jwenn li ap fè travay li lè l' tounen lakay la. **44** Sa
m'ap di nou la a, se vre wi: mèt la va mete l' reskonsab
tout byen l' yo. **45** Men, si domestik sa a te di nan kè l':
Mèt mwen ap fè reta. Li poko ap vini. Epi, li tonbe bat lòt
sèvitè yo, fi kou gason, li rete ap plede manje, bwè jouk li
sou; **46** mèt domestik sa a va rive jou l' pa t'ap tann, yon
lè li p'ap konnen. L'ap rachonnen l' anba kou, l'ap aji avè
l' menm jan yo aji ak moun ki pa fè travay yo. **47** Yon
domestik ki konnen sa mèt li vle, men ki pa janm pare
epi ki pa fè sa mèt la vle, domestik sa a anba kou. **48**
Men, yon domestik ki pa konn sa mèt li vle, lèfini k'ap fè
bagay ki merite pou yo bat li, y'ap bay domestik sa a de
twa kou sèlman. Moun yo bay anpil, y'ap mande l' anpil
tou. Moun yo mete reskonsab anpil bagay, y'ap egzije
plis ankò nan men li. **49** Mwen vini jete yon dife sou latè.
Mwen ta renmen wè dife sa a limen deja! **50** Mwen gen
yon batèm pou m' resevwa. Men, mwen twouve l' pran
anpil tan pou l' rive. **51** Nou kwè mwen vin mete lapè sou
latè. Mwen di nou: Non, mwen vin mete divizyon. **52** Depi
koulye a, yon fanmi ki gen senk moun va divize, twa kont
de, de kont twa. **53** Papa va leve kont pitit gason, pitit
gason va leve kont papa, manman va leve kont pitit fi, pitit
fi va leve kont manman, bèlmè va leve kont bèlfi, bèlfi va
leve kont bèlmè. **54** Jezi t'ap di foul moun yo tou: Lè nou
wè yon nwaj ap leve bò kote solèy kouche a, lamenm nou
di: Li pral fe lapli. Epi se sak rive vre. **55** Lè nou wè van
an soufle soti nan sid, nou di: Li pral fè cho. E se sak rive
vre. **56** Ipokrit, nou konn ki sans pou nou bay bagay k'ap
pase sou tè a ak nan syèl la, poukisa atò nou pa konn ki
sans pou nou bay bagay k'ap pase koulye a nan tan sa
a? **57** Poukisa nou pa chache konprann pou tèt pa nou sa
nou dwe fè ki dwat? **58** Si yon moun pote plent lajistis pou
ou, si nou tou de nou pral nan tribinal ansanm, pito n'
chache antann nou pandan nou nan chemen. Si se pa
sa, l'ap trennen ou devan jij la, jij la ap lage ou nan men
lapolis, lapolis ap mete ou nan prizon. **59** M'ap di ou sa:
ou p'ap soti nan prizon an tout tan ou pa peye dènye lajan
ou dwe a.

13 Lè sa a, yo vin rakonte Jezi ki jan, pandan yon sèvis
yo t'ap fè, Pilat te fè touye kèk moun peyi Galile a,
epi li fè melanje san yo ak san bèt yo t'ap ofri bay Bondye.
2 Jezi reponn yo: Gen lè nou kwè se paske moun sa yo
te fè pi gwo peche pase lòt moun Galile yo kifè yo te
masakre yo konsa? **3** Mwen di nou: Non. Men, si nou
menm nou pa tounen vin jwenn Bondye, nou tout n'ap
peri menm jan an tou. **4** Dizwit moun ki te mouri kraze
lè gwo kay Siloe a te tonbe sou yo a, gen lè nou kwè
yo te pi koupab pase tout lòt moun nan lavil Jerizalèm
yo? **5** Mwen di nou: Non. Men, si nou menm nou pa
tounen vin jwenn Bondye, nou tout n'ap peri menm jan
an tou. **6** Apre sa, Jezi di yo parabòl sa a: Yon nonm te
gen yon pye fig frans plante nan jaden rezen li. Li vin
chache fig frans ladan l', men li pa jwenn. **7** Lè sa a, li di
jeran jaden an: Sa fè twazan depi m'ap vin chache fig
nan pye fig frans sa a, mwen pa ka jwenn anyen. Koupe
li non. Poukisa pou l' pran tout plas sa a nan tè a pou
gremesi? **8** Men, jeran an reponn li: Mèt, kite l' fè lanne
sa a ankò. Mwen pral fouye yon twou fè wonn nan pye l',
m'ap mete fimye ladan li. **9** Konsa, li ka donnen. Si l' pa
donnen, wa fè koupe l' lòt lanne. **10** Yon jou repo, Jezi
t'ap moutre moun yo anpil bagay nan yon sinagòg. **11** Te
gen yon fanm nan sinagòg la ki te malad. Depi dizwitan li
te gen yon move lespri sou li ki te fè l' rete kokobe; li pa
t' kapab kanpe dwat menm. **12** Lè Jezi wè l', li rele l', li
di li: Mafi, ou delivre anba enfimite ou la tande. **13** Jezi
lonje men l' sou li. Latou fanm lan kanpe dwat, li pran fè
lwanj Bondye. **14** Men, chèf sinagòg la pa t' kontan menm
paske Jezi te fè gerizon an yon jou repo. Li pran lapawòl,
li di foul la: Nou gen sis jou pou nou travay, vin fè yo geri
nou jou sa yo. Pa vini jou repo a. **15** Jezi reponn li: Ala ou
ipokrit! Jou repo a, nou tout nou lage bèf nou ak bourik
nou nan kay kote nou gade yo a, nou mennen yo al bwè
dlo, pa vre? **16** Bon, fanm sa a, moun ras Abraram, ki gen
dizwitan depi Satan mare l' anba yon maladi, mwen pa t'
dwe delivre l' yon jou repo? **17** Repons Jezi te ba yo a te
fè tout moun ki pa t' vle wè l' yo wont. Men, tout moun nan
foul la te kontan pou tout bèl mèvèy li t'ap fè yo. **18** Jezi di
yo: Ak ki bagay peyi kote Bondye Wa a sanble? Kisa m'
ta di l' sanble ankò? **19** Li tankou yon ti grenn moutad yon
nonm pran pou li al simen nan jaden li. Li pouse, li vin
yon pyebwa. Se konsa zwezo nan syèl la fè nich nan
branch li yo. **20** Jezi di yo ankò: Ak kisa pou m' konpare
peyi kote Bondye Wa a? **21** Li tankou ledven yon fanm
pran li mete nan twa mezi farin pou fè tout pa t' la leve.
22 Jezi t'ap moute lavil Jerizalèm, li t'ap pase nan anpil
lavil ak anpil bouk. Sou tout wout la, li t'ap moutre moun
yo anpil bagay. **23** Yon moun mande li: Mèt, èske se de
twa moun sèlman k'ap sove? Li reponn yo: **24** Fè jefò
pou n' antre nan pòt jis la; paske, m'ap di nou sa, anpil
moun va seye antre, yo p'ap kapab. **25** Mèt kay la gen
pou l' leve fèmen pòt la; lè sa a, nou menm n'a deyò. N'a
kòmanse frape nan pòt la; n'a di: Mèt, Mèt, louvri pou
nou! La reponn nou: Mwen pa konnen ki bò nou soti. **26**
Lè sa a n'a di: Nou te manje, nou te bwè ansanm avè ou,
ou te moutre nou anpil bagay nan tout lari lakay nou. **27**
Men, la reponn nou: Mwen di nou, mwen pa konnen ki bò
nou soti. Wete kò nou sou mwen, nou tout k'ap fè sa ki
mal. **28** Lè n'a wè Abraram, Izarak, Jakòb ak tout pwofèt
yo nan bèl peyi kote Bondye Wa a, epi nou menm nou
deyò, se lè sa a va gen rèl, se lè sa a moun va manje
dan yo. **29** Moun va soti nan peyi solèy leve ak nan peyi

solèy kouche, y'a soti nan nò ak nan sid, y'a chita sou tab
nan bèl peyi kote Bondye Wa a. 30 Lè sa a, nan moun ki
dèyè nèt koulye a, genyen k'ap pase devan. Nan moun ki
devan koulye a, genyen k'ap rete dèyè. 31 Menm lè sa a,
kèk farizyen pwoche bò kot Jezi, yo di li: Pa rete isit la,
ale yon lòt kote, paske Ewòd vle touye ou. 32 Li reponn
yo: Ale di chat mawon an: m'ap chase move lespri yo,
m'ap geri moun malad jòdi a ak denmen, nan twa jou
m'ap fin travay mwen. 33 Men, fòk mwen kontinye mache
jòdi a, denmen ak apre denmen tou, paske sa pa bon pou
yo touye yon pwofèt lòt kote pase nan lavil Jerizalèm.
34 Jerizalèm, Jerizalèm, ou menm k'ap touye pwofèt yo,
k'ap touye moun Bondye voye ba ou yo ak kout wòch,
depi lontan mwen te vle sanble moun ou yo tankou yon
manman poul sanble ti pitit li yo anba zèl li, men ou pa t'
vle! 35 Enben, kay ou yo va rete san moun. M'ap di ou
sa: nou p'ap wè m' ankò, jouk lè a va rive pou nou di:
benediksyon pou moun ki vini nan non Mèt la.

14 Yon jou repo, Jezi te al lakay yonn nan chèf farizyen
yo pou l' manje. Moun ki te la yo t'ap veye li. 2 Yon
nonm ki te gen maladi anfle te la devan Jezi. 3 Jezi pran
lapawòl, li mande dirèkte lalwa ak farizyen yo: Eske lalwa
pèmèt moun fè gerizon jou repo a, wi ou non? 4 Yo pa
reponn li. Lè sa a, Jezi pran nonm malad la, li geri l', epi li
voye l' ale. 5 Apre sa, li di yo: Si yonn nan nou gen yon
pitit gason l' osinon yon bèf li ki tonbe nan yon pi yon jou
repo, èske li p'ap wete l' menm lè a? 6 Yo pa t' kapab
reponn li anyen sou sa. 7 Jezi te wè ki jan moun yo te
envite yo t'ap chwazi pi bon plas. Li rakonte paraból sa
a pou yo tout, li di: 8 Lè yo envite ou nan yon nòs, pa
al chita nan pi bon plas la. Paske, si nan envite yo gen
yon moun ki pi enpòtan pase ou, 9 moun ki envite nou
toulède a kapab vin di ou: Bay moun sa a plas la. Lè sa a,
wa wont, wa blije al chita nan plas dèyè. 10 Men, lè yo
envite ou, mete kò ou dèyè; konsa, lè moun ki envite ou
la vini, la ka di ou: Zanmi mwen, pase pi devan nan yon pi
bon plas. Lè sa a, se va yon lwanj pou ou devan tout
moun ki chita bò tab la ansanm ak ou yo. 11 Se konsa,
moun ki vle leve tèt li, y'a desann li, moun ki desann tèt li,
y'a leve li. 12 Jezi pale ak moun ki te envite l' la. Li di li:
Lè w'ap fè yon fèt, piti ou gwo, pa envite ni zanmi ou, ni
frè ou, ni fanmi ou, ni vwazen ou yo ki rich. Paske, yon lè
y'a envite ou tou. Konsa, se tankou si yo ta renmèt ou sa
ou te fè a. 13 Men, lè w'ap fè yon fèt, envite pòv yo, enfim
yo, moun k'ap bwete, moun avèg yo. 14 Konsa, se va yon
benediksyon, paske yo p'ap kapab rann ou laparèy. Se
Bondye ki va renmèt ou sa lè tout moun ki fè byen yo va
leve soti vivan nan lanmò. 15 Lè l' tande pawòl sa yo,
yonn nan moun ki te chita bò tab la di Jezi konsa: Se
va yon gwo benediksyon pou moun ki va chita bò tab
pou manje nan peyi kote Bondye Wa a. 16 Jezi reponn li:
Vwala, se te yon nonm ki te fè yon gwo fèt, li te envite
anpil moun. 17 Lè pou fèt la kòmanse, li voye domestik li
di envite yo: Vini non, tout bagay fin pare koulye a. 18
Men, tout envite yo, yonn apre lòt, pran fè eskiz. Premye
a di li: Mwen fèk achte yon tè, fòk m' al wè li. Tanpri,
eskize mwen. 19 Yon lòt di li: Mwen fèk achte senk pè
bèf; mwen pral seye yo. Tanpri, eskize mwen. 20 Yon lòt
di: Mwen fèk sot marye, se poutèt sa mwen pa ka ale. 21
Domestik la tounen, li rapòte tout repons sa yo bay mèt li.
Lè sa a, mèt kay la vin ankòlè; li di domestik la: Ale vit
sou tout plas yo ak nan tout lari, mennen tout pòv yo vin
isit, tout enfim yo, tout moun avèg ak moun k'ap bwete yo.
22 Apre sa, domestik la di: Mèt, nou fè tou sa ou te mande
nou fè, men gen plas toujou. 23 Mèt la di domestik la:
Ale nan gran chemen ak nan tout ti wout. Mezi moun wa
jwenn, fè yo antre pou kay mwen an ka plen. 24 Paske,
m'ap di nou sa: Nan moun mwen te envite yo, pa gen yon
sèl ladan yo k'ap goute nan manje m' lan. 25 Lè sa a, te
gen anpil anpil moun ki t'ap fè wout ansanm ak Jezi. Li
vire, li di yo: 26 Yon moun ki vin jwenn mwen, si li pa rayi
papa l', manman l', pitit li, frè l', sè l', menm pwòp tèt pa l',
li pa kapab disip mwen. 27 Moun ki pa pote kwa l' epi ki
pa swiv mwen, li pa kapab disip mwen non plis. 28 Si
yonn nan nou vle fè yon gwo batisman, premye bagay
pou l' fè: se pou l' chita pou l' kalkile konbe sa pral koute l'
pou l' wè si li gen kont lajan pou l' fin fè travay la. 29 Si l'
pa fè sa, l'ap fin poze fondasyon an, epi l' p'ap ka fini
batisman an. Lè sa a, tout moun ki va wè sa va pran pase
l' nan betiz. 30 Y'a di: Nonm lan kòmanse bati, men li pa
kapab fini. 31 Konsa tou, si yon wa vle fè lagè ak yon lòt
wa, premye bagay pou l' fè: l'ap chita pou l' egzaminen
bagay la byen, pou l' wè si, avèk dimil (10.000) òm, li
kapab mache kontre lòt wa a k'ap mache sou li ak venmil
(20.000) òm. 32 Si li pa kapab, antan lòt wa a lwen toujou,
l'ap voye kèk mesaje bò kote l' pou mande l' fè aranjman.
33 Jezi di yo ankò: Konsa tou, nou yonn la a pa kab disip
mwen, si l' pa detache kè l' sou tou sa l' genyen. 34 Sèl,
se yon bon bagay; men si sèl la pèdi gou l', ak kisa pou n'
fè l' sale ankò? 35 Lè sa a, sèl la pa bon pou mete ni nan
jaden ni nan fimye, se jete pou yo voye sa jete. Si nou
gen zòrèy pou n' tande, tande.

15 Tout pèseptè kontribisyon yo ak moun k'ap fè sa
ki mal yo t'ap pwoche bò kot Jezi pou tande sa l'
t'ap di. 2 Farizyen yo ak dirèktè lalwa yo t'ap babye. Yo
t'ap di: Nonm sa a ap resevwa moun k'ap fè sa ki mal,
epi l'ap manje ak yo. 3 Lè sa a, Jezi di yo paraból sa
a: 4 Sipoze yonn nan nou gen san (100) mouton. Si l'
pèdi yonn ladan yo, èske li p'ap kite katrevendisnèf lòt
mouton yo nan dezè a, pou li al dèyè sak pèdi a? L'ap
chache l' jouk li jwenn li. 5 Lè l' jwenn li, l'ap mete l' sou
zepòl li ak kè kontan. 6 Lè l' tounen lakay li avè l', l'ap
rele tout zanmi l' ak tout vwazen l' yo, l'ap di yo: vin fè fèt
avè m', mwen jwenn mouton m' ki te pèdi a. 7 Konsa
tou, m'ap di nou, va gen plis kontantman nan syèl la pou
yon sèl moun ki t'ap fè sa ki mal epi ki tounen vin jwenn
Bondye, pase pou katrevendisnèf moun k'ap mache dwat,
ki pa bezwen tounen vin jwenn Bondye. 8 Osinon ankò,
sipoze yon fanm ki gen dis pyès lajan. Si li pèdi yonn

ladan yo, èske li p'ap limen lanp, bale tout kay la, chache
nan tout ti kwen jouk li jwenn li? 9 Lè l' jwenn li, l'ap rele
zanmi l' ak vwazen li yo, l'ap di yo: vin fè fèt avè m'; mwen
jwenn pyès lajan m' ki te pèdi a. 10 Konsa tou, m'ap di
nou sa, gen kontantman nan mitan zanj Bondye yo pou
yon sèl moun ki t'ap viv nan peche epi ki tounen vin jwenn
Bondye. 11 Jezi di ankò: Vwala, se te yon nonm ki te gen
de pitit gason. 12 Pi piti a di papa l': Papa, ban m' pa
m' nan byen nou yo. Lè sa a, papa a separe byen l' yo
bay tou de. 13 Kèk jou apre, ti gason an ranmase tout
afè l', li pati, li ale nan yon peyi byen lwen. Antan li la,
li lage kò l' nan banbòch, li gaspiye tout lajan l'. 14 Lè
msye fin depanse tout lajan l', yon gwo grangou tonbe
sou peyi a. Lè sa a, li vin nan nesesite. 15 li al mande
travay lakay yon abitan nan peyi a. Abitan an voye l' nan
jaden l' al gade kochon. 16 Lè sa a, li ta byen renmen
plen vant li ak sa kochon yo t'ap manje a, men pesonn pa
t' ba li. 17 Se lè sa a atò li pran kalkile sou sitiyasyon l'.
Li di konsa: Gade kantite moun k'ap travay kay papa m'
pou lajan! Yo jwenn manje depase sa yo ka manje. Epi
mwen menm, m'ap mouri grangou isit la. 18 M'ap leve,
mwen pral tounen jwenn papa m', m'ap di li: Papa, mwen
peche kont Bondye, mwen peche kont ou menm tou. 19
Mwen pa merite pou ou konsidere m' pou pitit ou ankò.
Gade m' tankou yonn nan moun k'ap travay avè ou yo.
20 Li leve vre, li pran chemen tounen kay papa li. Msye
te byen lwen kay la toujou lè papa a wè li. Kè papa a
fè l' mal, li kouri al rankontre l', li pase men l' nan kou
pitit la epi li bo li. 21 Pitit la di li: Papa, mwen peche kont
Bondye, mwen peche kont ou menm tou; mwen pa merite
pou ou konsidere m' pou pitit ou ankò. 22 Men, papa a di
domestik li yo: Ale vit. Pote pi bèl rad la, mete l' sou li pou
mwen. Mete yon bag nan dwèt li, mete soulye nan pye li.
23 Al chache jenn ti towo nou t'ap angrese a, touye l'. Ann
fete, ann manje. 24 Paske, pitit gason m' sa a te mouri,
men li tounen vivan ankò; li te pèdi, koulye a mwen jwenn
li. Epi, yo kòmanse fè fèt. 25 Lè sa a, pi gran gason an te
nan jaden. Antan l'ap soti nan jaden, lè l' rive pre kay
la, li tande mizik la ak vwa moun k'ap danse yo. 26 Li
rele yonn nan domestik yo, li mande li: Sak genyen? 27
Domestik la di li: Ti frè ou la tounen. Papa ou fè touye
jenn ti towo nou t'ap angrese a, paske li jwenn msye an
sante. 28 Gran frè a fè kòlè, li derefize antre nan kay la.
Papa a soti, li mande l' pou l' antre. 29 Men, gran frè a
reponn papa a: Gade tout tan mwen genyen depi m'ap
sèvi ou; mwen pa janm derespekte lòd ou. Men, ou pa
janm ban m' yon ti kabrit menm pou m' fè fèt ak zanmi m'
yo. 30 Men, lè pitit gason ou lan tounen, li menm ki fin
gaspiye tout byen ou yo ak jennès, se pou li ou fè touye
jenn towo nou t'ap angrese a. 31 Papa a di li: Pitit mwen,
ou toujou la avè m'; tout sa m' genyen se pou ou. 32 Men,
fòk kanmenm nou te fè fèt, nou pa t' ka pa kontan, paske
frè ou la te mouri, men li tounen vivan, li te pèdi, mwen
jwenn li koulye a.

16 Jezi di disip li yo: Vwala, se te yon nonm rich ki
te gen yon jeran. Yo vin rapòte l' jan jeran an ap
gaspiye tout byen l' yo. 2 Li rele jeran an, li di li: Kisa m'
tande y'ap di sou ou konsa? vin fè regleman travay ou
avè m', paske mwen p'ap kite byen m' yo sou kont ou
ankò. 3 Jeran an di nan kè l': Patwon an pral kase m' nan
djòb sa a; kisa m' pral fè koulye a? Mwen pa gen fòs pou
m' al travay latè. Epi se va yon wont pou m' al mande
charite! 4 Bon, mwen konn sa m' pral fè pou lè m' pèdi
djòb mwen m'a toujou gen moun ki pou resevwa m' lakay
yo. 5 Jeran an fè rele tout moun ki te dwe mèt la, li fè yo
vini yonn apre lòt. Li di premye a: Konbe ou dwe mèt la?
6 Li reponn: Mwen dwe l' san (100) bidon lwil. Msye di
l': Men papye ou la, chita, ekri senkant. Fè vit. 7 Apre
sa, li di yon lòt; Ou menm, konbe ou dwe? Li reponn:
San sak (100) mayi. Msye di l': Men papye ou la, ekri
katreven. 8 Nonm rich la fè jeran visye a konpliman dapre
li te aji ak ladrès sa a. Paske moun k'ap viv dapre prensip
lemonn yo regle zafè yo pi byen pase moun ki gen limyè
a. **(aiōn g165)** 9 Jezi di yo ankò: Nou menm, men sa m'ap
di nou: Bat pou nou fè zanmi ak richès ki sou latè. Konsa,
lè richès nou va fini, y'a resevwa nou nan kay Bondye ki
la pou tout tan an. **(aiōnios g166)** 10 Moun ki kenbe pawòl
li nan tout ti bagay, la kenbe l' nan gwo bagay tou. Men,
moun ki pa serye nan ti bagay, li p'ap serye nan gwo
bagay non plis. 11 Si ou pa sèvi byen ak richès ou gen
sou latè, kilès ki va fè ou konfyans pou richès tout bon
yo? 12 Si ou pa t' sèvi byen avèk sa ki te pou lòt moun, ki
moun ki va ba ou sak pou ou a? 13 Pesonn pa ka sèvi de
mèt byen anmenmtan. Li gen pou l' rayi yonn si l' renmen
lòt la. L'ap sèvi yonn byen, men l'ap meprize lòt la. Nou
pa ka sèvi Bondye ak lajan anmenmtan. 14 Farizyen yo
t'ap koute tout pawòl sa yo tou. Yo t'ap pase Jezi nan
betiz paske yo te renmen lajan. 15 Lè sa a Jezi di yo: Nou
menm, n'ap chache parèt pou pi bon devan moun, men
Bondye konnen sa ki nan kè nou. Bagay moun bay plis
enpòtans, se yo Bondye pa vle wè. 16 Kòmandman Moyiz
ak liv pwofèt yo te gen fòs lalwa jouk tan Jan Batis te rive.
Men, depi lè sa a, se anonse y'ap anonse bon nouvèl peyi
kote Bondye Wa a, se nan goumen pou moun antre ladan
li. 17 Men, l'ap pi fasil pou syèl la ak tè a disparèt pase
pou yon sèl ti detay nan lalwa a pèdi valè li. 18 Si yon
nonm kite ak madanm li pou l' marye ak yon lòt, nonm sa
a fè adiltè. Lè yon mari kite madanm li, si yon lòt nonm
marye ak madanm lan, nonm sa a fè adiltè tou. 19 Vwala,
se te yon nonm rich ki te konn abiye ak bèl twal wouj e
blan ki te koute chè. Chak jou, se te gwo fèt banbòch
lakay li. 20 Te gen yon pòv yo rele Laza ki te kouche nan
papòt nonm rich la. Laza te kouvri ak malenng. 21 Li te
byen anvi plen vant li ak bagay ki t'ap soti tonbe anba tab
nonm rich la. Sa ki pi rèd, chen t'ap vin niche malenng li
yo tou. 22 Pòv la vin mouri, zanj Bondye yo pote l' mete
bò kot Abraram nan syèl la. Nonm rich la mouri tou, yo
antere li. 23 Pandan l' te kote tout mò yo ye a nan mitan
soufrans, li voye je l' byen lwen li wè Abraram ak Laza

ansanm avèk li. **(Hadēs g86)** **24** Nonm rich la rele: Abraram
papa, gen pitye pou mwen non! Voye Laza tranpe ti bout
dwèt li nan yon ti tak dlò pou l' mete yon frechè sou lang
mwen, paske se pa ti soufri m'ap soufri nan flanm sa
a. **25** Abraram reponn li: Pitit mwen, chonje byen: ou te
resevwa tout bon bagay pa ou yo pandan ou te sou latè.
Lè sa a menm, Laza te nan tout mizè li. Koulye a, li jwenn
konsolasyon bò isit la, ou menm w'ap soufri. **26** Epitou,
gen yon gwo twou ki separe nou avè ou, konsa pa gen
mwayen pou moun sot isit la pou y' al jwenn ou, osinon
pou moun ta soti kote ou ye a pou vin jwenn nou. **27**
Nonm rich la di li: Tanpri, Abraram papa, voye Laza kay
papa mwen. **28** Mwen gen senk frè. Mwen ta vle li al di yo
jan bagay la ye pou yo pa vin isit nan touman sa a. **29**
Abraram reponn li: Yo gen Moyiz ak pwofèt yo pou avèti
yo, se pou yo koute yo. **30** Li di li: Non, papa Abraram,
yo p'ap koute. Men, si yonn nan mò yo al jwenn yo, y'a
chanje lavi yo. **31** Lè sa a, Abraram di li: Si yo pa koute
Moyiz ak pwofèt yo, yo p'ap kite pesonn lòt fè yo wè verite
a. Li ta mèt yon mò ki ta leve vivan ankò, yo p'ap koute li.

17 Jezi di disip li yo: Ap toujou gen bagay k'ap fèt
ki pou fè moun fè peche. Men, malè pou moun ki
lakòz bagay sa yo rive. **2** Li ta pi bon pou li si yo ta mare
yon gwo wòl moulen nan kou l' epi yo voye l' jete nan
lanmè; wi, sa ta pi bon pou li pase pou l' ta lakòz yonn nan
ti piti sa yo tonbe nan peche. **3** Veye kò nou byen. Si frè
ou tonbe nan peche, rale zòrèy li. Si l' chanje konpòtman
li, padonnen li. **4** Si nan yon sèl jounen an li peche sèt
fwa kont ou, si toulesèt fwa yo, li tounen vin jwenn ou pou
l' di ou: Mwen p'ap fè sa ankò, se pou ou padonnen li. **5**
Apòt yo di Jezi: Fè nou gen plis konfyans non. **6** Jezi
di yo: Si nou te gen konfyans nan Bondye gwosè yon ti
grenn moutad, nou ta di pye sikomò sa a: Derasinen tèt
ou sot la a, al plante tèt ou nan lanmè, li ta obeyi nou. **7**
Sipoze yonn nan nou gen yon domestik k'ap travay tè l'
osinon k'ap gade mouton pou li. Lè domestik la soti nan
jaden, èske l'ap di li: Pwoche vit, vin chita bò tab la pou
ou manje. **8** Non. Okontrè. L'ap di li: Pare manje pou
mwen. Twouse ponyèt ou pou ou ka sèvi m' pandan m'ap
manje, pandan m'ap bwè. Se lè m' fin manje, ou menm
wa manje, wa bwè. **9** Li pa gen mèsi pou l' di domestik la
paske domestik la fè sa l' te mande l' fè a, pa vre. **10**
Se menm jan an tou pou nou, lè nou fin fè tou sa yo te
mande nou fè, se pou n' di: Se domestik nou ye, nou fè
sa n' te dwe fè. **11** Pandan Jezi te nan chemen pou li al
Jerizalèm, li t'ap pase sou fwontyè ki separe peyi Samari
ak peyi Galile. **12** Antan l' t'ap antre nan yon bouk, dis
moun ki te gen maladi lalèp vin kontre li. Yo rete kanpe
byen lwen l', **13** yo pale byen fò, yo di l' konsa: Jezi, Mèt,
gen pitye pou nou. **14** Lè Jezi wè yo, li di: Al fè prèt yo wè
nou. Pandan yo taprale, yo geri. **15** Yonn ladan yo ki wè li
geri tounen sou wout li, li t'ap fè lwanj Bondye byen fò pou
tout moun tande. **16** Li lage kò l' atè nan pye Jezi, li di l'
mèsi. Nonm sa a te yon moun pèyi Samari. **17** Jezi pran
lapawòl, li di l': Nou toulèdis te geri pa vre. Kote nèf lòt
yo? **18** Se etranje sa a sèlman ki chonje pou l' vin fè lwanj
Bondye? **19** Epi li di li: Leve non. Ou mèt ale. Se konfyans
ou nan Bondye ki geri ou. **20** Farizyen yo mande Jezi
kilè Bondye t'ap vin tabli gouvènman l' lan. Li reponn yo:
Bondye ap vin tabli gouvènman l' lan yon jan pou tout
moun wè li. **21** Men, yo p'ap di: Men l' bò isit, osinon: Men
l' bò laba. Paske, konnen sa byen, gouvenman Bondye a
la nan mitan nou. **22** Epi li di disip yo: Gen yon lè nou
va anvi wè yonn nan jou ki pou Moun Bondye voye nan
lachè a, men nou p'ap wè sa. **23** Y'a di nou: Gade, men l'
bò isit, osinon: Gade, men l' bò laba. Pa ale, pa kouri
dèyè yo. **24** Lè yon kout zèklè fè yan, li klere syèl la byen
klere depi yon bout jouk nan lòt bout la, pa vre. Se va
menm jan an tou pou Moun Bondye voye nan lachè a,
lè jou l' va rive. **25** Men, anvan sa, li gen pou l' soufri
anpil, moun alèkile yo p'ap vle wè li. **26** Sa ki te rive nan
tan Noe a se sa k'ap rive tou lè jou a va rive pou Moun
Bondye voye nan lachè a vini. **27** Moun t'ap manje, yo t'ap
bwè, moun t'ap marye, yo t'ap marye pitit fi yo; se konsa
tout bagay te ye, jouk jou Noe te antre nan gwo batiman
an. Lè inondasyon an fèt, li touye yo tout. **28** Sa ki te rive
nan tan Lòt la va rive menm jan an tou. Moun t'ap manje,
yo t'ap bwè, yo t'ap achte, yo t'ap plante, yo t'ap bati. **29**
Men, jou Lòt soti kite lavil Sodòm lan, dife souf grennen
sot nan syèl la tankou lapli, tonbe sou yo; yo tout peri. **30**
Se va menm jan an tou lè jou a va rive pou Moun Bondye
voye nan lachè a parèt. **31** Jou sa a, moun ki va sou tèt
kay p'ap bezwen desann anndan kay la ale pran zafè li.
Moun ki nan jaden p'ap bezwen tounen lakay ankò. **32**
Chonje istwa madanm Lòt la. **33** Moun ki va chache sove
lavi l' va pèdi l'; men moun ki va pèdi lavi l' va konsève li.
34 M'ap di nou sa: Jou lannwit sa a, va gen de moun sou
yon menm kabann; y'ap pran yonn, y'ap kite lòt la. **35** Va
gen de fanm k'ap pile grenn ansanm: y'ap pran yonn, y'ap
kite lòt la. **36** Va gen dezòm nan yon menm jaden; y'ap
pran yonn, y'ap kite lòt la. **37** Disip yo pran lapawòl, yo
mande l' konsa: Ki kote sa pral fèt, Mèt? Li reponn yo:
Kote kadav la va ye, se la votou yo va sanble.

18 Jezi rakonte yo paraboòl sa a pou l' te moutre yo
nesesite pou yo toujou lapriyè san yo pa janm
dekouraje: **2** Vwala, se te yon jij ki te rete nan yon lavil; li
pa t' pè Bondye ni li pa t' respekte pesonn. **3** Nan menm
lavil sa a, te gen yon vèv ki te konn vin bò kot jij la. Vèv la
te toujou ap di li: Rann mwen jistis kont moun ki nan kont
avè m' lan non. **4** Pandan lontan jij la te refize fè sa pou li.
Men, yon lè li di nan kè l': Se vre, mwen pa pè Bondye, ni
mwen pa rete ak moun. **5** Men, fanm sa a ap plede nwi
mwen. M'ap rann li jistis, konsa la sispann anbete mwen.
6 Jezi di: Nou tande sa move jij la di! **7** Bon! Eske Bondye
pa ta regle zafè pitit li yo, moun li menm li chwazi yo, lè
y'ap rele nan pye l' lajounen kou lannwit? Eske l'ap pran
anpil tan pou l' ede yo? **8** M'ap di nou sa: L'ap regle zafè
yo vit vit. Men, lè Moun Bondye voye nan lachè a va vini,
èske la jwenn moun ki gen konfyans nan Bondye ankò
sou latè? **9** Jezi di paraboòl sa a pou moun ki te kwè yo

bon devan Bondye epi ki t'ap meprize lòt moun: **10** Dezòm
moute nan tanp lan al lapriyè. Yonn te yon farizyen, lòt la
yon pèseptè kontribisyon. **11** Farizyen an te kanpe apa, li
t'ap lapriyè konsa: Bondye, m'ap di ou mèsi dapre mwen
pa vòlò, ni visye, ni adiltè tankou lòt yo; mèsi dapre mwen
pa tankou pèseptè kontribisyon sa a. **12** Chak senmenn
mwen pase de jou ap fè jèn, mwen bay ladim nan tou sa
mwen genyen. **13** Pèseptè kontribisyon an menm te rete
dèyè, li pa t' menm gen kouraj leve je l' nan syèl; li t'ap
bat lestonmak li, li t'ap di: Bondye, gen pitye pou mwen ki
fè anpil peche. **14** Lè sa a, Jezi di yo: M'ap di nou sa, se
pa farizyen an non, men se pèseptè kontribisyon an ki
tounen lakay li ak padon Bondye. Paske, yon moun ki vle
leve tèt li, y'a desann li, yon moun ki desann tèt li, y'a leve
li. **15** Yo te mennen ata tibebe bay Jezi pou l' te mete men
sou tèt yo. Lè disip yo wè sa, yo t'ap di moun yo pa fè sa.
16 Men, Jezi rele timoun yo vin jwenn li, li di: Kite timoun
yo vin jwenn mwen. Pa anpeche yo vini, paske peyi kote
Bondye Wa a, se pou tout moun ki tankou timoun sa yo li
ye. **17** Sa m'ap di nou la a, se vre wi: si yon moun pa
asepte otorite Bondye a tankou yon timoun, li p'ap janm
mete pye l' nan peyi kote Bondye Wa a. **18** Yonn nan
chèf jwif yo mande Jezi: Bon Mèt, kisa pou m' fè pou m'
resevwa lavi ki p'ap janm fini an? **(aiōnios g166)** **19** Jezi di
li: Poukisa ou rele m' bon? Se yon sèl bon ki genyen, se
Bondye. **20** Ou konn kòmandman yo: Piga ou fè adiltè,
piga ou touye moun, piga ou vòlò, piga ou fè manti sou
moun, respekte papa ou ak manman ou. **21** Nonm lan
reponn: Mwen swiv tout bagay sa yo depi m' te tikatkat.
22 Lè Jezi tande sa, li di l': Ou manke yon bagay toujou:
vann tou sa ou genyen, separe lajan an bay pòv. Apre sa,
wa gen yon richès nan syèl la. Epi vin swiv mwen. **23**
Men, pawòl sa a te fè nonm lan lapenn anpil paske li te
gen anpil byen. **24** Jezi wè jan sa te fè nonm lan lapenn, li
di konsa: Sa ap difisil nèt pou moun rich antre nan peyi
kote Bondye Wa a. **25** L'ap pi fasil pou gwo bèt yo rele
chamo a pase nan je yon zegwi pase pou yon rich antre
nan peyi kote Bondye Wa a. **26** Moun ki t'ap koute l' yo
di l': Nan kondisyon sa a, ki moun ki ka sove? **27** Jezi
reponn yo: Sa lèzòm pa ka fè, Bondye ka fè li. **28** Lè sa a,
Pyè di l': Tande, men nou kite tou sa nou te genyen pou
nou swiv ou. **29** Jezi di yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi:
Nenpòt moun ki kite kay li, osinon madanm li, osinon frè l',
osinon papa l' ak manman l', osinon pitit li poutèt peyi kote
Bondye Wa a, **30** moun sa a gen pou l' resevwa plis pase
sa depi nan tan sa a, epi nan tan k'ap vini apre sa a li gen
pou l' resevwa lavi ki p'ap janm fini an. **(aiōn g165, aiōnios
g166)** **31** Jezi pran douz disip yo apa, li di yo: Tande, men
n'ap moute Jerizalèm kote tou sa pwofèt yo te ekri sou
Moun Bondye voye nan lachè a pral rive. **32** Yo pral lage
l' nan men moun lòt nasyon yo, y'a pase l' nan rizib, y'a
joure l', y'a krache sou li. **33** Apre sa, y'a bat li byen bat,
y'a touye l'; men sou twa jou la leve soti vivan nan lanmò.
34 Men, disip yo pa t' konprann anyen nan sa; sans pawòl
la te kache pou yo, yo pa t' kapab konnen sa Jezi t'ap di
yo konsa. **35** Lè sa a, Jezi te prèt pou antre Jeriko; te gen
yon nonm avèg chita bò chemen an ki t'ap mande charite.
36 Lè l' tande foul moun yo ap pase, li mande sak genyen.
37 Yo di li: Se Jezi, moun Nazarèt la, k'ap pase. **38** Li pran
rele: Jezi, pitit David la, pitye pou mwen. **39** Moun ki t'ap
mache devan yo t'ap kouri dèyè l' pou te fè l' pe bouch li.
Men, li t'ap rele pi rèd: Pitit David la, pitye pou mwen. **40**
Jezi rete, li bay lòd pou yo mennen l' ba li. Lè avèg la
pwoche, Jezi mande li: **41** Kisa ou vle m' fè pou ou? Li
reponn: Mèt, fè m' wè ankò. **42** Epi Jezi di li: Wè non. Se
konfyans ou nan Bondye ki geri ou. **43** Menm lè a, avèg
la wè. Apre sa, li t'ap swiv Jezi. Li t'ap fè lwanj Bondye. Lè
pèp la wè sa, yo tout pran fè lwanj Bondye tou.

19 Jezi antre Jeriko, li t'ap travèse lavil la. **2** Te gen
yon nonm nan lavil la yo rele Zache. Li te chèf
pèseptè kontribisyon yo, se te yon nonm rich. **3** Li t'ap
chache wè ki moun Jezi ye. Men, li te yon nonm ti tay.
Akòz foul moun yo, li pa t' kapab rive wè li. **4** Li pran kouri
devan; li moute sou yon pye sikomò pou l' wè Jezi ki te
gen pou l' te pase bò la. **5** Lè Jezi rive la, li leve je l' anlè,
li di l': Zache, fè vit desann. Fòk mwen fè ladesant lakay
ou jòdi a. **6** Zache prese desann, li resevwa Jezi ak kè
kontan. **7** Lè yo wè sa, tout moun pran babye, yo t'ap di:
Men nonm lan fè ladesant kay yon nonm ki plen peche. **8**
Zache leve kanpe, li di Jezi konsa: Koute, Mèt. Mwen pral
bay pòv mwatye tout byen mwen genyen. Si mwen te
twonpe yon moun pou m' pran lajan l', mwen pral rann li
kat fwa lavalè. **9** Jezi di li: Jòdi a, kay sa a delivre paske
nonm sa a se yon pitit Abraram li ye tou. **10** Moun Bondye
voye nan lachè a vin chache sa ki te pèdi pou l' delivre
yo. **11** Apre sa, Jezi rakonte yon parabòl pou moun ki te
fèk tande pawòl sa yo. Paske li te toupre lavil Jerizalèm
lan, yo te kwè gouvènman Bondye ki Wa a tapral parèt
touswit. **12** Men sa l' di yo: Vwala, se te yon nonm gran
fanmi ki te al nan yon peyi byen lwen. Li te al fè yo ba l'
otorite pou l' wa, apre sa pou l' te tounen lakay li ankò.
13 Anvan li ale, li rele dis nan domestik li yo, li ba yo
chak yon pyès lò, li di yo: Fè lajan an travay jouk mwen
tounen. **14** Men, pwòp moun peyi l' yo te rayi li. Yo voye
kèk mesaje dèyè l' pou di: Nou pa vle nonm sa a pou wa
nou. **15** Malgre sa, yo bay nonm lan otorite pou l' wa, epi
l' tounen nan peyi li. Lè sa a, li fè rele domestik li te bay
lajan yo pou yo vin kote l': li te bezwen konnen ki benefis
yo chak te fè. **16** Premye a vini, li di: Monwa, pyès lò ou
te ban mwen an rapòte dis pyès ankò. **17** Wa a di l': Sa
se bèl bagay. Ou se yon bon domestik. M'ap mete ou
gouvènen dis vil, paske ou te fè ti travay sa a byen. **18**
Dezyèm lan vini, li di: Monwa, pyès lò ou te ban mwen
an rapòte senk lòt pyès. **19** Wa a di l': Ou menm, m'ap
mete ou gouvènen senk vil. **20** Yon lòt vini, li di: Monwa,
men pyès lò ou la. Mwen te sere l' nan yon mouchwa. **21**
Mwen te pè ou, paske ou se yon nonm ki di: ou pran sa ki
pa pou ou, ou rekòlte sa ou pa simen. **22** Wa a reponn:
Gade jan ou se yon move domestik! M'ap jije ou ak pawòl

ki sot nan bouch ou. Ou te konnen m' se yon nonm ki di,
mwen pran sa ki pa pou mwen, mwen rekòlte sa m' pa
simen, 23 poukisa ou pa t' mete lajan m' labank; lè m' ta
tounen, mwen ta wete l' ak yon enterè. 24 Li di moun ki te
la yo: Wete lajan an nan men li. Bay nonm ki gen dis pyès
yo li. 25 Yo di l': Men, monwa, li gen dis pyès deja. 26
Mwen di nou: Moun ki genyen deja a, y'a ba li ankò; men
moun ki pa gen anyen menm lan, y'a wete nan men l'
menm ti sa l' te genyen an. 27 Kanta lènmi m' yo ki pa t'
vle mwen pou wa yo, mennen yo isit, touye yo la devan je
mwen. 28 Apre Jezi fin pale konsa, li pran mache devan
yo pou li al Jerizalèm. 29 Lè Jezi rive toupre Betfaje ak
Betani, bò ti mòn Oliv la, li pran de nan disip li yo, li voye
yo devan, 30 li di yo konsa: Ale nan bouk ki devan nou
an. Lè n'a rive, n'a jwenn yon jenn ti bourik mare; pesonn
pa kò janm moute sou li. Lage l', mennen l' ban mwen. 31
Nenpòt moun ki mande nou: Poukisa n'ap lage l'? N'a
reponn: Se Mèt la ki bezwen li. 32 De disip yo ale; yo
jwenn tout bagay jan Jezi te di yo a. 33 Pandan y'ap lage
ti bourik la, mèt li di yo: Poukisa n'ap lage ti bourik la? 34
Yo reponn: Se Mèt la ki bezwen li. 35 Apre sa, yo mennen
ti bourik la bay Jezi. Yo mete rad yo sou do ti bourik la, yo
fè Jezi moute sou li. 36 Pandan Jezi t'ap vanse sou bourik
la, moun yo tann rad yo atè sou tout chemen an. 37 Lè l'
rive toupre Jerizalèm, nan ladesant mòn Oliv la, yon sèl
kontantman pran tout foul moun ki t'ap swiv li yo; yo pran
fè lwanj Bondye byen fò pou tout mirak yo te wè. 38 Yo
t'ap di: benediksyon pou Wa ki vini nan non Mèt la! Kè
poze pou tout moun nan syèl la! Lwanj pou Bondye! 39 Te
gen kèk farizyen nan mitan foul la. Yo di Jezi konsa: Mèt,
manyè fè disip ou yo pe bouch yo non. 40 Jezi reponn:
M'ap di nou sa: si yo pe bouch yo, wòch yo va pran rele.
41 Lè Jezi rive toupre lavil la, li wè l', li pran kriye sou li, 42
li di: Si sèlman, jòdi a ou te kapab konprann, ou menm
tou, bagay ki pou fè kè ou poze? Men, koulye a, yo kache;
ou pa kapab wè yo! 43 Gen yon tan k'ap vin sou ou: lè sa
a, lènmi ou yo va sènen ou toupatou, y'a fèmen ou nèt,
y'a kwense ou sou tout bò. 44 Y'a detwi ou nèt ansanm
ak tout moun ki nan mitan ou yo. Yo p'ap kite yon wòch
kanpe sou yon lòt, paske ou pa t' rekonèt jou Bondye te
vin pote ou sekou a. 45 Jezi antre nan tanp lan, li pran
chase tout moun ki t'ap vann yo. 46 Li di yo: Men sa ki
ekri: Se pou kay mwen an yon kay kote moun vin lapriyè
nan pye m'; men, nou menm, nou fè l' tounen kachèt vòlè.
47 Chak jou, Jezi te nan tanp lan, li t'ap moutre moun yo
anpil bagay. Chèf prèt yo, dirèktè lalwa yo ak chèf pèp
la t'ap chache ki jan pou yo touye li. 48 Men, yo pa t'
kapab jwenn yon jan pou yo te fè sa, paske tout pèp la
t'ap koute sa l' t'ap di san yo pa pèdi yon mo.

20 Yon jou konsa, Jezi te nan tanp lan; li t'ap moutre
pèp la anpil bagay; li t'ap anonse yo bon nouvèl la.
Chèf prèt yo, dirèktè lalwa yo ak chèf fanmi yo vin rive.
2 Yo di li: Manyè di nou ki dwa ou genyen pou w'ap fè
tout bagay sa yo? Wi, kilès ki ba ou otorite pou fè yo? 3
Jezi reponn yo: Mwen pral poze nou yon keksyon, mwen
menm tou. 4 Di mwen kilès ki te voye Jan Batis batize
moun: Bondye osinon lèzòm? 5 Men, yonn t'ap di lòt: Si
nou reponn se Bondye ki voye l', la mande nou poukisa
nou pa t' kwè li. 6 Si nou reponn se lèzòm ki voye l', tout
pèp la va touye nou ak kout wòch, paske yo tout te gen
konviksyon Jan Batis te yon pwofèt. 7 Lè sa a yo reponn
li: Nou pa konn ki moun ki te voye l' batize. 8 Jezi di yo:
Enben, mwen menm tou, mwen p'ap di nou avèk ki otorite
m'ap fè bagay sa yo. 9 Apre sa, Jezi pran rakonte pèp
la paraból sa a: Vwala, se te yon nonm ki te plante yon
jaden rezen. Li antann li avèk kèk moun pou okipe jaden
an pou li. Apre sa, li kite peyi a, li al fè lontan deyò. 10 Lè
sezon rekòt la rive, li voye yon domestik kote moun ki t'ap
pran swen jaden an pou li. Li te voye chache pòsyon pa
l' nan rekòt rezen an nan men yo. Men, kiltivatè yo bat
domestik la byen bat, epi yo voye l' tounen bay mèt jaden
an san yo pa ba l' anyen. 11 Mèt jaden an voye yon lòt
domestik kote yo ankò. Men, yo bat li byen bat, yo joure l'
byen joure, epi yo voye l' tounen san yo pa ba l' anyen.
12 Mèt jaden an voye yon twazyèm domestik. Fwa sa a,
yo blese l', yo mete l' deyò. 13 Lè sa a, mèt jaden an di:
Kisa pou m' fè? Bon, mwen pral voye pitit gason mwen
renmen anpil la. Omwens y'a gen respè pou li. 14 Men, lè
kiltivatè yo wè pitit mèt jaden an, yonn di lòt: Men eritye a!
Ann touye l', konsa jaden an va rete pou nou. 15 Yo jete l'
deyò jaden an, yo touye li. Atò, kisa mèt jaden an pral fè
yo? 16 L'ap vini, l'ap fè touye tout kiltivatè yo, epi l'ap
bay lòt moun jaden rezen an. Lè pèp la tande sa, yo di:
Mande Bondye padon! 17 Men, Jezi gade yo, li mande
yo: Ki sans nou bay pawòl sa ki ekri a: Wòch moun ki
t'ap bati yo te voye jete a, se li menm ki tounen wòch ki
kenbe kay la. 18 Tout moun ki bite sou wòch sa a gen
pou kase ren yo. Men, si se wòch la menm ki tonbe sou
yon moun, li gen pou l' kraze moun lan an miyèt moso. 19
Menm lè a, chèf prèt yo ak dirèktè lalwa yo t'ap chache
mete men sou li, paske yo te byen konnen se pou yo Jezi
te bay paraból sa a. Men, yo te pè pèp la. 20 Yo pran
veye Jezi. Yo voye espyon dèyè li. Espyon yo pran pòz
moun debyen yo, pou wè si yo te ka pran yon pawòl nan
bouch li pou akize li. Konsa, yo ta kapab lage l' nan men
gouvènè a ki te gen pouvwa ak tout otorite. 21 Espyon yo
poze l' keksyon sa a: Mèt, nou konnen ou se moun serye.
Tou sa ou di ak tou sa ou moutre nou se verite. Ou pa
gade sou figi moun, men ou moutre chemen Bondye a jan
li ye a. 22 Manyè di nou: Eske lalwa nou an pèmèt nou
peye Seza lajan kontribisyon an, wi ou non? 23 Men, Jezi
wè se nan pèlen yo te vle pran li. Li di yo: 24 Moutre m'
yon pyès lajan. Pòtre ki moun ak non ki moun ki sou pyès
lajan an? Yo reponn li: Se pòtre Seza ak non Seza. 25 Lè
sa a li di yo: Enben, bay Seza sak pou Seza, bay Bondye
sak pou Bondye. 26 Yo pa t' kapab jwenn anyen ki mal
nan sa l' t'ap di devan pèp la. Okontrè, pawòl sa a te fè
yo pi sezi ankò. Yo fèmen bouch yo san di yon mo. 27
Sadiseyen yo se yon gwoup jwif ki di moun mouri pa leve
ankò. Gen kèk ladan yo ki vin bò kot Jezi ak yon keksyon.

Yo di l' konsa: 28 Mèt, Moyiz te ekri lòd sa a ban nou:
Lè yon nonm marye mouri san kite pitit, si l' gen yon frè,
frè a gen pou l' marye avèk madanm defen an pou l' sa
fè pitit pou frè l' ki mouri a. 29 Se konsa, te gen sèt frè.
Premye a marye, li mouri san l' pa kite pitit. 30 Dezyèm
lan marye ak vèv la. Apre sa, twazyèm lan marye avè l'
tou. 31 Konsa konsa, sèt frè yo marye ak fanm lan yonn
apre lòt, epi yo tout yo mouri san kite pitit. 32 Apre yo tout
fin mouri, fanm lan mouri poutèt pa l' tou. 33 Lè mò yo va
gen pou yo leve, fanm sa a ki te madanm tout sèt frè yo,
madanm kilès nan yo li pral ye la a menm? 34 Jezi reponn
yo: Isit sou latè, fanm ak gason nan marye. (aiōn g165)
35 Men, fanm ak gason ki merite pou yo leve soti vivan
nan lanmò pou yo ka patisipe nan lavi k'ap vini an, moun
sa yo pa nan marye ankò. (aiōn g165) 36 Yo pa ka mouri
ankò, se tankou zanj Bondye yo ye, yo se pitit Bondye,
paske yo leve soti vivan nan lanmò. 37 Wi, moun mouri
gen pou yo leve. Se Moyiz menm ki moutre nou sa, lè bò
ti touf bwa a, li te rele Bondye: Bondye Abraram, Bondye
Izarak, Bondye Jakòb. 38 Bondye se Bondye moun vivan
li ye, li pa Bondye moun mouri, paske pou li tout moun
vivan. 39 Lè sa a, kèk dirèktè lalwa pran lapawòl, yo di:
Mèt, ou byen pale. 40 Apre sa, yo pa t' gen odas poze l'
ankenn lòt keksyon. 41 Jezi di yo: Ki jan yo fè di Kris la se
pitit pitit David li ye? 42 Men, sa David menm te di nan liv
Sòm yo: Bondye Mèt la te di Seyè mwen an: Chita la sou
bò dwat mwen, 43 jouk tan mwen fè lènmi yo tounen yon
ti ban pou lonje pye ou. 44 Si David rele Kris la Seyè, ki
jan pou Kris la ta ka pitit pitit li? 45 Lè sa a, tout pèp la
t'ap koute Jezi. Li di disip li yo: 46 Pran prekosyon nou
avèk dirèktè lalwa yo. Yo renmen pwonmennen avèk rad
long yo; yo renmen moun bese tèt yo jouk atè pou di yo
bonjou sou plas piblik; lè y' al nan sinagòg, yo toujou ap
chache pou yo chita kote pou tout moun ka wè yo; nan
resepsyon yo chache pi bon plas la. 47 Se piye y'ap piye
pòv vèv yo, anmenmtan y'ap plede fè lapriyè byen long
pou parèt pi bon. Chatiman moun sa yo pral pi rèd.

21 Jezi pwonmennen je l' toupatou nan tanp lan, epi li
wè moun rich yo ki t'ap mete lajan nan bwat kote yo
mete ofrann nan tanp lan. 2 Li wè yon pòv vèv tou ki t'ap
mete de ti kòb kwiv. 3 Li di: Sa m'ap di nou la a, se vre wi:
pòv vèv sa a bay plis pase tout lòt moun yo. 4 Paske, tout
moun sa yo, se sa yo pa bezwen yo mete nan bwat la;
men li menm, nan tout mizè li, li bay tou sa l' te gen pou l'
viv. 5 Te gen kèk moun ki t'ap pale sou tanp lan; yo t'ap di
jan li te byen dekore avèk bèl wòch li yo ansanm ak tout
bèl bagay moun te ofri bay Bondye. Lè sa a, Jezi di: 6
Nou wè tout bagay sa yo, yon jou, p'ap gen de wòch k'ap
kanpe yonn sou lòt. Tou sa pral kraze nèt vide atè. 7 Yo
mande li: Mèt, kilè sa va rive? Kisa ki va fè nou konnen lè
tout bagay sa yo prèt pou rive? 8 Jezi di yo: Atansyon pou
pesonn pa twonpe nou. Paske, plizyè moun va vin sou
non mwen, y'a di se yo menm ki Kris la, ou ankò jou a
rive! Pa koute yo. 9 Lè n'a pran nouvèl lagè ak revolisyon
k'ap fèt, nou pa bezwen pè. Fòk bagay sa yo rive anvan.
Men, se p'ap ankò lafen an sa. 10 Li di yo ankò: Yon pèp
va goumen ak yon lòt pèp; yon peyi va atake yon lòt peyi.
11 Va gen gwo tranblemanntè. Nan divès kote va gen
grangou ak epidemi. Lè sa a, va gen bagay terib ak gwo
kokenn chenn siy k'ap parèt nan syèl la. 12 Men anvan
tou sa, y'ap arete nou, y'ap maltrete nou; y'ap trennen nou
nan sinagòg pou yo jije nou; y'ap mete nou nan prizon,
y'ap fè nou konparèt devan wa ak chèf gouvènman poutèt
mwen. 13 Se va yon bèl okazyon pou nou kanpe pale
verite a. 14 Mete sa byen nan tèt nou: nou pa bezwen bat
tèt nou pou nou konnen davans ki jan nou pral fè defans
nou. 15 Se mwen menm ki va mete pawòl nan bouch
nou, ki va ban nou konprann. Konsa, nan moun ki nan
kont avèk nou yo, yo yonn p'ap ka kenbe tèt ak nou, ni yo
p'ap kapab demanti sa n'a di. 16 Lè sa a, se papa nou ak
manman nou, frè nou, pwòp fanmi nou ak bon zanmi nou
ki va denonse nou, y'ap fè touye anpil nan nou. 17 Tout
moun pral rayi nou poutèt mwen. 18 Men, pa yon grenn
cheve nan tèt nou p'ap pèdi. 19 Kenbe fèm, se konsa n'a
sove lavi nou. 20 Lè n'a wè yon bann lame ap sènen lavil
Jerizalèm toupatou, n'a konnen lè sa a yo prèt pou kraze
l' nèt. 21 Wi, lè sa a tout moun ki nan peyi Jide, se sove
al nan mòn; moun ki nan mitan lavil Jerizalèm, se kouri
met deyò. Moun ki nan jaden p'ap bezwen antre lavil. 22
Jou sa yo, se va Jou Chatiman, lè tou sa ki te ekri nan Liv
la pral rive. 23 Lè sa a, se p'ap ti lapenn pou fanm ansent
ak nouris yo, paske va gen yon gwo dezolasyon nan peyi
a: kòlè Bondye pral tonbe sou pèp sa a. 24 Y'ap touye yo
ak nepe, y'ap mete men sou yo, y'ap depòte yo nan tout
lòt peyi. Pou lavil Jerizalèm lan menm, moun lòt nasyon
yo gen pou yo foule l' anba pye yo, jouk tan dèle yo ba yo
a va bout. 25 Gen siy ki pou parèt nan solèy, nan lalin
ak nan zetwal yo. Sou latè menm, tout pèp yo pral pran
tranble, yo p'ap konn sa pou yo fè devan gwo bri lanmè
a ap fè ak lanm li yo. 26 Gen moun k'ap mouri tèlman
y'ap pè lè y'a chonje malè ki pral rive sou tout latè, paske
pouvwa ki nan syèl yo va tranble. 27 Lè sa a, y'a wè m',
mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, ap vini nan
yon nwaj, avèk anpil pouvwa, nan mitan yon bann bèl
bagay. 28 Lè bagay sa yo va kòmanse rive, leve kanpe,
leve tèt nou, paske Bondye p'ap lwen vin delivre nou. 29
Epi Jezi di yo yon parabòl: Gade pye fig frans lan ak tout
lòt pyebwa yo. 30 Lè nou wè yo kòmanse ap boujonnen,
nou tou konnen lete sou nou. 31 Menm jan an tou, lè
n'a wè bagay sa yo rive, nou mèt konnen Gouvènman
Bondye ki Wa a toupre. 32 Sa m'ap di nou la a, se vre wi:
gen moun k'ap viv koulye a ki p'ap gen tan mouri anvan
tout bagay sa yo rive. 33 Syèl la ak tout tè a va pase,
men pawòl mwen yo p'ap janm pase. 34 Pran prekosyon
nou, pa kite banbòch, bweson ak traka lavi sa a chaje tèt
nou pou jou a pa rive sou nou lè n' pa ta kwè. 35 Paske,
jou sa a ap tonbe tankou yon privye sou tout moun ki rete
sou latè. 36 Pa kite dòmi pran nou, lapriyè tout tan; konsa
n'a gen fòs pou n' chape anba tou sa ki gen pou rive, pou

n' ka kanpe dwat devan Moun Bondye voye nan lachè a.
37 Tout lajounen Jezi te nan tanp lan, li t'ap moutre moun
yo anpil bagay. Men, lè solèy fin kouche, li te konn soti al
pase nwit sou mòn Oliv la. 38 Chak maten, byen bonè,
tout pèp la te konn al jwenn li nan tanp lan pou tande sa l'
t'ap di.

22 Fèt Pen san ledven yo, ki vle di fèt Delivrans jwif
yo, te prèt pou rive. 2 Chèf prèt yo ak dirèktè lalwa
yo t'ap chache yon riz pou yo fè touye Jezi, paske yo te
pè pèp la. 3 Lè sa a, Satan antre nan tèt Jida yo te rele
Iskariòt la, yonn nan douz disip yo. 4 Jida al jwenn chèf
prèt yo ak chèf gad ki t'ap veye tanp lan. Li di yo ki jan li
ta ka fè yo pran Jezi. 5 Yo pa t' manke kontan, yo pwomèt
pou yo ba l' lajan. 6 Li tonbe dakò ak yo. Se konsa Jida
t'ap chache yon bon okazyon pou l' te fè yo pran Jezi
san foul la pa konnen. 7 Jou fèt Pen san ledven an te
rive; se jou sa a pou yo te touye ti mouton yo pou manje
Delivrans lan. 8 Jezi voye Pyè ak Jan, li di yo konsa: Ale
pare manje Delivrans lan pou n' kapab manje li. 9 Yo
mande li: Ki bò ou ta vle nou pare li? 10 Li di yo: Gade.
Lè n'a antre lavil la, n'a kontre ak yon nonm k'ap pote yon
krich dlo; swiv li jouk nan kay kote la antre a. 11 N'a di
mèt kay la: Mèt la voye mande ou kote pyès kay pou l'
manje manje Delivrans lan avèk disip li yo? 12 Lè sa a la
moutre nou yon gwo chanm anwo kay la, tou pare, tou
meble. Se la n'a pare manje Delivrans lan. 13 Yo pati,
yo jwenn tout bagay jan l' te di yo a. Epi yo pare manje
Delivrans lan. 14 Lè lè a rive, Jezi chita bò tab la avèk
apòt yo pou manje. 15 Li di yo: Mwen pa t' manke anvi
manje manje Delivrans sa a avè n' anvan m' al soufri. 16
Paske, m'ap di nou sa: mwen p'ap janm manje l' ankò
jouk jou la pran sans li nèt vre nan peyi kote Bondye Wa
a. 17 Apre sa, li pran yon gode, li di Bondye mèsi, epi l'
di: Men gode sa a, separe l' bay chak moun nan nou;
18 paske, m'ap di nou sa, depi koulye a mwen p'ap bwè
diven ankò jouk lè Bondye va vin pran pouvwa a nan men
li. 19 Apre sa, li pran pen, li di Bondye mèsi, li kase li. Li
ba yo l', epi li di yo: Sa se kò mwen. Se mwen menm
ki bay li pou nou. Se pou nou fè sa pou nou ka toujou
chonje mwen. 20 Menm jan an tou, apre yo fin manje, li
ba yo gode diven an. Li di yo: Gode sa a, se nouvo kontra
Bondye pase ak moun. Se avèk san m' ki koule pou nou
an li siyen l'. 21 Men gade! Moun k'ap trayi m' lan, li la bò
tab la ansanm ak mwen! 22 Moun Bondye voye nan lachè
a pral mouri jan Bondye te vle l' la, se vre. Men, malè
pou moun ki trayi l' la! 23 Latou, yonn pran mande lòt
kilès nan yo la a ki pral fè bagay sa a. 24 Epi yon gwo
diskisyon leve nan mitan disip yo. Yo te vle konnen kilès
nan yo ki te dwe pase pou pi grannèg. 25 Jezi di yo: Nan
tout peyi, wa se kòmande yo kòmande, moun ki chèf fè
nou rele yo Bon papa. 26 Men pou nou menm, se pa
konsa pou sa ye. Okontrè, sak pi grannèg nan mitan nou
an, se pou l' tankou pi piti a; sa k'ap kòmande a, se pou l'
tankou sa k'ap sèvi a. 27 Kilès ki pi grannèg: moun ki
chita bò tab la, osinon moun k'ap sèvi l' la? Moun ki chita
bò tab la, pa vre? Tansèlman, mwen menm mwen nan
mitan nou tankou moun k'ap sèvi a. 28 Nou menm, nou
se moun ki kenbe fèm avè m' nan tout tribilasyon mwen
yo. 29 Se poutèt sa, menm jan Papa a te ban m' dwa
pou m' gouvènen nan peyi kote li wa a, mwen menm tou,
m'ap ban nou dwa sa a. 30 N'a manje, n'a bwè sou tab
ansanm avè m' sou govènman mwen an. M'a mete nou
chita sou bèl fotèy pou nou jije douz branch fanmi Izrayèl
la. 31 Simon, Simon, koute: Satan mande pouvwa pou l'
pase nou tout nan laye, tankou grenn y'ap vannen. 32
Men, mwen lapriyè pou ou, Simon, pou konfyans ou nan
Bondye pa febli. Ou menm, lè wa tounen vin jwenn mwen,
bay frè ou yo fòs. 33 Pyè di li: Mèt, mwen pare pou m'
al nan prizon avè ou, pou m' mouri menm avè ou. 34
Jezi reponn li: Pyè, tande sa m'ap di ou: kòk p'ap gen
tan chante jòdi a, w'ap di ou pa konnen m' pandan twa
fwa. 35 Jezi di yo ankò: Lè m' te voye nou san lajan, san
manje, san soulye, èske nou te manke kichòy? Yo reponn
li: Nou pa t' manke anyen. 36 Li di yo: Bon, koulye a,
moun ki gen yon lajan, se pou l' pran l'; sa ki gen manje
se pou l' pran l' tou. Moun ki pa gen nepe, se pou l' vann
rad li pou l' achte yonn. 37 Paske, tande byen sa m'ap di
nou: pawòl ki te ekri a, fòk li rive vre nan lavi mwen: Yo
mete l' ansanm ak mechan yo. Wi, sa ki ekri sou mwen an
pral rive. 38 Disip yo di li: Mèt, men de nepe. Li di yo:
Sa kont. 39 Apre sa, Jezi soti, li al mòn Oliv la, jan l' te
konn fè a. Disip yo swiv li. 40 Lè l' rive, li di yo: Lapriyè
pou n' pa tonbe anba tantasyon. 41 Epi li kite yo, li al
pi devan, distans yon moun kab voye yon wòch konsa.
Li mete ajenou, li pran lapriyè. 42 Li di: Papa, si ou vle,
tanpri, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, se
pa volonte m' ki pou fèt, se volonte pa ou. 43 Lè sa a,
yon zanj Bondye soti nan syèl la parèt devan li. Li te vin
bay Jezi fòs. 44 Kè Jezi te sere anpil, li t'ap lapriyè pi
rèd. Swe t'ap koule sou li tonbe atè tankou gwo degout
san. 45 Apre li fin lapriyè, li leve, li vin bò kot disip yo; li
jwenn yo ap dòmi sitèlman yo te nan lapenn. 46 Li di yo:
Poukisa n'ap dòmi konsa? Leve non, lapriyè pou n' pa
tonbe anba tantasyon. 47 Jezi t'ap pale toujou lè yon bann
moun vin rive. Jida, yonn nan douz disip yo, t'ap mache
devan. Li pwoche bò kot Jezi pou l' bo li. 48 Men, Jezi di
li: Jida, se avèk yon bo w'ap trayi Moun Bondye voye nan
lachè a? 49 Moun ki te avèk Jezi yo, lè yo wè sak t'apral
rive, yo mande li: Mèt, èske nou mèt voye kout nepe? 50
Yonn ladan yo gen tan pote domestik granprèt la yon kou,
li koupe zòrèy dwat li. 51 Men, Jezi di yo: Non. Ase. Li
manyen zòrèy nonm lan, li geri li. 52 Apre sa, Jezi pale ak
chèf prèt yo, chèf lagad tanp lan ansanm ak chèf fanmi yo
ki te vin pran li. Li di yo: Nou vin dèyè m' ak nepe epi
baton, tankou si m' te yon ansasen. 53 Toulejou mwen te
la avèk nou nan tanp lan, nou pa t' chache arete mwen.
Men koulye a, se jou pa n', se jou pouvwa ki travay nan
fènwa a. 54 Yo arete Jezi, yo mennen li ale. Yo kondi l'
kay granprèt la. Pyè t'ap swiv yo yon ti jan lwen lwen. 55
Yo te limen yon dife nan mitan lakou a. Pyè al chita nan

mitan moun ki te bò dife a. **56** Yon sèvant wè Pyè chita bò
dife a; li fiske je l' sou li, li di: Nonm sa a te avèk li tou. **57**
Men, Pyè demanti l', li di: Madanm, mwen pa konnen li.
58 Yon kadè apre, yon lòt wè l', epi l' di: Ou menm tou, ou
fè pati moun sa yo. Pyè di: Non, monchè, mwen pa fè
pati moun sa yo. **59** Apre yon bon ti moman, yon lòt di l'
ankò: Men wi, nonm sa a te avè l'. Se moun Galile li ye.
60 Pyè reponn li: Monchè, mwen pa konnen sa ou ap di
la a. Menm lè a, antan li t'ap pale toujou, yon kòk pran
chante. **61** Jezi vire, li gade Pyè, epi Pyè vin chonje pawòl
Seyè a te di l': Jòdi a, kòk p'ap gen tan chante, w'ap di
ou pa konnen mwen pandan twa fwa. **62** Pyè soti, epi li
tonbe kriye jouk li pa t' kapab ankò. **63** Mesye ki t'ap veye
Jezi yo t'ap pase l' nan rizib. Yo t'ap ba l' kou. **64** Yo te
bouche je l', yo t'ap mande li: Ki moun ki ba ou kou sa a?
Devinen? **65** Epi yo t'ap di l' anpil lòt jouman ankò. **66** Lè
l' fin fè jou, tout chèf fanmi yo, chèf prèt yo ansanm ak
dirèktè lalwa yo reyini. Yo fè mennen Jezi devan Gran
Konsèy jwif yo. **67** Yo mande li: Manyè di nou: èske se ou
ki Kris la? Jezi reponn yo: Si m' reponn nou, nou p'ap vle
kwè mwen. **68** Si m' poze nou yon keksyon, nou p'ap vle
reponn mwen. **69** Men, depi jòdi a, Moun Bondye voye
nan lachè a pral chita sou bò dwat Bondye ki gen pouvwa
a. **70** Yo tout di li: Ou se pitit Bondye a, pa vre? Li reponn
yo: Apa nou di li. Wi, se sa mwen ye menm. **71** Lè sa a
yo di: Sa nou bezwen temwen ankò fè. Nou menm nou
fèk tande pawòl ki soti nan bouch li.

23 Tout bann moun yo leve, yo mennen Jezi devan
Pilat. **2** Rive la, yo pran depoze plent sou do l', yo
di konsa: Nou jwenn nonm sa a ap moute tèt pèt la. L'ap
di yo pou yo pa peye Seza lajan taks yo. Li menm rive
pretann se Kris la li ye, yon wa. **3** Pilat mande li: Eske ou
se wa jwif yo? Jezi reponn li: Se ou ki di li. **4** Pilat di chèf
prèt yo ak foul moun yo: Mwen pa wè ankenn rezon pou
m' kondannen nonm sa a. **5** Men, yo kenbe la avè l', yo
di: L'ap moute tèt pèp la ak pawòl l'ap di yo. Li kòmanse
travay sa a depi nan peyi Galilye, li pase nan tout peyi
Jide a, li rive jouk isit la. **6** Lè Pilat tande sa, li mande yo
si Jezi se moun Galile. **7** Aprann Pilat aprann Jezi te soti
nan rejyon ki te sou kòmandman Ewòd la, li voye Jezi bay
Ewòd ki t'ap pase kèk jou lavil Jerizalèm lè sa a. **8** Ewòd
pa t' manke kontan lè li wè Jezi. Depi lontan li te konn
tande pale sou li, li te anvi kontre avè l'. Li te kwè li tapral
wè Jezi fè kèk mirak. **9** Li poze l' anpil keksyon, men Jezi
pa reponn li anyen. **10** Chèf prèt yo ak dirèktè lalwa yo te
la. Yo t'ap depoze anpil gwo plent kont Jezi. **11** Ewòd
menm ansanm ak tout gad li yo t'ap pase Jezi nan rizib.
Yo mete l' nan yon wonn tenten. Yo mete yon bèl rad sou
li; epi yo voye l' tounen bay Pilat. **12** Pilat ak Ewòd te
lènmi anvan sa. Menm jou sa a yo vin zanmi. **13** Pilat
sanble chèf prèt yo, tout otorite yo ansanm ak pèp la. **14**
Li di yo: Nou mennen nonm sa a ban mwen. Nou fè m'
konprann l'ap moute tèt pèp la. Mwen menm, mwen poze
l' keksyon devan nou, mwen pa janm jwenn li koupab.
Li pa fè ankenn nan move zak n'ap plede di l' fè yo. **15**
Ewòd pa jwenn li koupab non plis. Men li voye l' tounen
ban mwen. Nonm sa a pa fè anyen ki merite lanmò. **16**
Mwen pral fè yo bat li byen bat, apre sa m'a lage li. **17**
Pou chak fèt Delivrans, Pilat te blije lage yon prizonye ba
yo. **18** Yo tout pran rele ansanm: Touye nonm sa a, lage
Barabas ban nou. **19** Barabas sa a, se te yon nonm ki te
nan prizon poutèt lèzam li te pran kont gouvènman an epi
pou yon moun li te touye nan lavil la. **20** Pilat menm te
vle lage Jezi. Li pale ak foul moun yo ankò. **21** Men yo
rele: Kloure l' sou yon kwa! Kloure l' sou yon kwa! **22** Yon
twazyèm fwa ankò, Pilat di yo: Manyè di m' ki move zak li
fè konsa? Mwen menm, mwen pa jwenn anyen nan nonm
sa a ki merite lanmò. Mwen pa di nou mwen pral fè bat li
byen bat, apre sa m'a lage li? **23** Men, yo pran rele pi fò,
yo pèsiste ap mande pou yo kloure Jezi sou yon kwa. Yo
sitèlman rele, Pilat ba yo gany. **24** Se konsa Pilat pran
desizyon pou l' ba yo sa yo te mande a. **25** Li lage moun
pèp la te vle a, nonm ki te nan prizon pou konplo ak krim
lan. Epi Pilat renmèt yo Jezi pou yo te fè li sa yo te vle a.
26 Antan sòlda yo t'ap mennen Jezi ale, yo kontre Simon,
yon moun peyi Sirèn. Li te soti nan jaden. Yo pran msye,
yo chaje l' anba kwa a pou l' pote li dèyè Jezi. **27** Yon
bann moun nan pèp la t'ap swiv Jezi. Te gen kèk fanm la
tou ki t'ap kriye, ki t'ap plenn sò li. **28** Jezi vire gade yo, li
di yo konsa: Nou menm, medam lavil Jerizalèm, pa kriye
pou mwen tande; kriye pou tèt pa nou ak tout pitit nou yo.
29 Gen jou k'ap vin dèyè; lè sa a y'a di: benediksyon pou
fanm ki pa kapab fè pitit, pou fanm ki pa t' janm fè pitit,
pou fanm ki pa janm bay pitit tete. **30** Lè sa a, tout moun
va di mòn yo: Tonbe sou nou! Y'a mande mòn yo: Kouvri
nou! **31** Paske, si se sa yo fè bwa vèt la, kisa yo p'ap fè
bwa chèch la? **32** Yo mennen de lòt moun, de krimenèl
pou yo touye ansanm ak Jezi. **33** Lè yo rive kote yo rele
Zo bwa Tèt la, yo kloure Jezi sou kwa a. Yo kloure de
krimenèl yo sou de lòt kwa, yonn chak bò li. **34** Jezi di:
Papa, padonnen yo. Yo pa konnen sa y'ap fè. Sòlda yo
tire osò pou separe rad li yo. **35** Pèp la te kanpe la ap
gade. Chèf yo t'ap pase Jezi nan rizib, yo t'ap di: Gade! Li
sove lòt moun; si se Kris la li ye, moun Bondye chwazi a,
se pou l' sove tèt pa l' tou. **36** Sòlda yo t'ap pase l' nan
betiz tou. Yo pwoche bò kote l', yo ba l' venèg pou l' bwè,
37 epi yo di li: Si ou se wa jwif yo, se pou ou sove tèt ou
ou menm! **38** Men sak te ekri sou tèt kwa a: Nonm sa a
se wa jwif yo li ye. **39** Yonn nan krimenèl yo te kloure sou
kwa yo t'ap joure li. Li t'ap di li: Se pa ou ki Kris la? Sove
tèt ou non, epi sove nou ansanm avè ou tou. **40** Men lòt
la reprann li, li di li: Gen lè ou pa pè Bondye, ou menm ki
anba menm kondannasyon avèk li a? **41** Pou nou menm
se jistis, paske nou resevwa sa nou merite pou krim nou
fè. Men li menm, li pa fè anyen. **42** Epi li di Jezi: Chonje
m' wi lè wa vin pran gouvènman an nan men ou! **43** Jezi
reponn li: Sa m'ap di ou la, se vre wi: Jòdi a ou pral avè
m' nan paradi. **44** Li te midi konsa lè solèy la sispann
klere sou tout peyi a jouk vè twazè nan apremidi. **45** Rido
ki te nan tanp lan chire fè de moso. **46** Jezi rele byen fò, li

di: Papa, m' ap renmèt lespri mwen nan men ou. Apre l'
fin di pawòl sa yo, li mouri. 47 Lè kaptenn lame a wè sak
te rive, li fè lwanj Bondye, epi li di: Se vre wi. Nonm sa
a te inonsan. 48 Tout moun ki te vini an foul pou asiste
espektak sa a te wè sak te rive. Yo tounen al lakay yo, yo
t'ap bat lestonmak yo. 49 Tout zanmi Jezi yo te rete yon ti
jan lwen ansanm ak fanm ki t'ap mache avè l' yo depi nan
peyi Galile. Yo tout t'ap gade sak t'ap pase. 50 Te gen yon
jwif ki te rele Jozèf, moun lavil Arimate. Se te yon bon
gason ki te mache dwat devan Bondye. 51 Li t'ap tann
kilè Bondye t'ap vin pran pouvwa a nan men li. Li te fè
pati Gran Konsèy jwif yo, men li pa t' dakò ak sa lòt yo te
fè ni ak sa yo te deside. 52 Jozèf al lakay Pilat, li mande
kò Jezi. 53 Apre sa, li al desann kò a sou kwa a, li vlope l'
nan yon bèl dra blan, epi li mete l' nan yon kavo yo te
fouye nan wòch. Se te yon kavo tou nèf: yo pa t' ankò
janm mete pesonn ladan li. 54 Se te yon jou vandredi,
repo a tapral kòmanse. 55 Medam ki t'ap mache avèk
Jezi depi nan peyi Galile yo te ale ansanm ak Jozèf. Yo
wè kavo a, yo wè ki jan yo te mete kò Jezi ladan li. 56
Apre sa, yo tounen lakay yo, y' al pare lwil santi bon ak
odè pou benyen kò a. Men, jou repo a yo pa t' fè anyen,
jan lalwa Moyiz te vle l' la.

24 Nan dimanch maten, byen bonè, medam yo ale
nan kavo a. Yo te pote lwil santi bon yo te pare pou
benyen kò a. 2 Yo jwenn wòch ki te fèmen kavo a te
woule byen lwen soti devan bouch kavo a. 3 Yo antre,
men yo pa jwenn kò Seyè Jezi. 4 Yo te la konsa, yo pa t'
konn sa pou yo te fè lè de moun parèt devan yo ak rad yo
byen klere. 5 Medam yo te pè anpil. Yo bese tèt yo atè;
men de moun yo di yo konsa: Poukisa n'ap chache moun
vivan an nan mitan mò yo? 6 (Li pa isit; li leve soti vivan
nan lanmò.) Chonje sa l' te di nou lè l' te Galile a: 7 Moun
Bondye voye nan lachè a gen pou tonbe anba men pechè
yo; yo gen pou yo kloure l' sou yon kwa. Men, sou twa jou
l'ap leve soti vivan ankò. 8 Yo vin chonje pawòl Jezi te di
yo. 9 Yo soti kite kavo a, y' al rakonte onz disip yo ak lòt
moun yo tout bagay sa yo. 10 Men non medam yo: se te
Mari, moun Magdala a, Jan ak Mari, manman Jak. Te gen
lòt fanm avèk yo tou. Yo menm tou, yo te rakonte apòt yo
menm bagay la. 11 Men, apòt yo te pran sa medam yo
t'ap di a pou istwa san sans, yo pa t' kwè yo. 12 Lè sa a,
Pyè leve, li kouri al nan kavo a. Li bese, li wè dra mò a
sèlman. Apre sa, li tounen lakay li. Li te sezi anpil pou sak
te rive a. 13 Menm jou sa a, te gen de disip ki tapral nan
yon bouk yo rele Emayis. Bouk la te yon ti distans onz
kilomèt konsa ak lavil Jerizalèm. 14 De disip yo t'ap koze
sou tou sa ki te pase. 15 Yo t'ap pale, yo t'ap diskite yonn
ak lòt. Lè sa a, Jezi pwoche bò kote yo, li tanmen fè wout
ak yo. 16 Yo te wè l', men te gen kichòy ki te anpeche yo
rekonèt li. 17 Li di yo: Sou kisa n'ap pale konsa antan n'ap
mache a? Yo rete yo kanpe tou tris. 18 Yonn ladan yo ki
te rele Kleopas reponn li: Gen lè ou se sèl moun k'ap viv
lavil Jerizalèm ki pa konn sak te rive nan senmenn ki sot
pase a? 19 Li di yo: Ki sak te rive konsa? Yo reponn li:
Tou sak te rive Jezi, moun Nazarèt la. Nonm sa a te yon
gwo pwofèt devan Bondye ak devan tout pèp la: li te fè
anpil bèl bagay epi li te pale byen. 20 Enben, chèf prèt yo
ak otorite nou yo fè yo kondannen l' amò, epi yo kloure l'
sou yon kwa. 21 Nou te gen espwa se li menm ki t'ap vin
delivre pep Izrayèl la. Men, jòdi a fè twa jou depi bagay sa
yo pase. 22 Fòk nou di ou tou gen kèk fanm nan gwoup
nou an ki fè nou byen sezi. Yo te al nan kavo a granmaten
jòdi a. 23 Men, yo pa jwenn kò a. Yo tounen vin rakonte te
gen zanj Bondye ki te parèt devan yo, ki te di yo li vivan.
24 Gen kèk zanmi nou yo ki al nan kavo a tou. Yo jwenn
tout bagay jan medam yo te di l' la; men li menm, yo pa
wè li. 25 Lè sa a Jezi di yo: Ala moun san konprann! Ki
jan lespri nou fè lou pou kwè tou sa pwofèt yo te di konsa!
26 Eske se pa pou Kris la te soufri bagay sa yo anvan pou
l' te resevwa lwanj li? 27 Epi li pran esplike yo tou sa ki te
ekri sou li nan Liv yo; li kòmanse ak Liv Moyiz yo, li pase
nan tout Liv pwofèt yo. 28 Lè yo rive toupre ti bouk kote
yo t'ap prale a, Jezi fè tankou li ta vle al pi lwen. 29 Yo
kenbe l', yo di li: Rete avèk nou non. Solèy fin kouche,
pral fènwa. Li antre pou l' rete ak yo. 30 Li chita bò tab la
ak yo pou manje. Li pran pen, li di Bondye mèsi, li kase
l', epi li ba yo li. 31 Menm lè a, je yo louvri, yo rekonèt
li. Men, li disparèt lamenm devan yo. 32 Yonn pran di
lòt: Eske nou pa t' santi tankou yon dife k'ap boule nan
kè nou lè l' t'ap pale avèk nou sou tout wout la, lè l' t'ap
esplike nou sak te ekri nan Liv yo? 33 Latou, yo leve, yo
tounen Jerizalèm. Lè yo rive, yo jwenn onz disip yo reyini
ak zanmi yo. 34 Yo tout yo t'ap di: Se vre wi, Seyè a leve
vivan. Simon wè li. 35 Lè sa a, de disip yo pran rakonte
sak te rive yo sou wout la, ki jan yo te rekonèt li lè l' te
kase pen an. 36 Pandan yo t'ap pale konsa, Jezi li menm
vin kanpe nan mitan yo, li di yo: benediksyon Bondye
sou nou tout. 37 Yo te pè, yo pran tranble: yo te kwè se
yon revenan. 38 Men, Jezi di yo: Poukisa nou pè konsa?
Pouki tout lide sa yo nan tèt nou? 39 Gade men m' ak pye
m' yo. Se mwen menm wi. Nou mèt mangen m'. Gade m'
byen: yon revenan pa gen vyann ak zo jan nou wè m'
genyen an. 40 Antan li t'ap di yo sa, li moutre yo men l' ak
pye l' yo. 41 Yon sèl kè kontan pran disip yo, men yo pa t'
kwè toujou sitèlman yo te sezi. Lè sa a, Jezi di yo: Eske
nou gen kichòy la a pou manje? 42 Yo ofri l' yon moso
pwason boukannen. 43 Li pran l', li manje l' devan je yo.
44 Epi li di yo: Men sa m' t'ap di nou an lè m' te la avèk
nou toujou a. Tou sa ki te ekri sou mwen nan lalwa Moyiz
la, nan Liv pwofèt yo, menm nan sòm yo, fòk tou sa te
rive. 45 Lè sa a, li louvri lespri yo pou yo te ka konprann
tou sa ki te ekri nan Liv yo. 46 Li di yo: Men sa ki te ekri:
Kris la gen pou l' soufri jouk li mouri, men sou twa jou li
gen pou l' soti vivan nan lanmò. 47 Y'a pran non l' pou
yo mache fè konnen mesaj la nan tout peyi, kòmanse
lavil Jerizalèm, pou mande tout moun pou yo tounen vin
jwenn Bondye pou yo ka resevwa padon peche yo. 48
Nou temwen tout bagay sa yo. 49 Mwen menm, mapral
voye ban nou sa Papa m' te pwomèt la. Nou menm, rete

lavil Jerizalèm jouk pouvwa k'ap soti anwo nan syèl la va
desann sou nou. **50** Apre sa, li mennen yo an deyò lavil
la, bò Betani, epi li leve men li pou l' beni yo. **51** Antan l'ap
beni yo konsa, li separe ak yo, li moute nan syèl la. **52** Yo
menm menm, lè yo fin adore l', yo tounen lavil Jerizalèm
ak yon gwo kè kontan. **53** Se tout tan yo te nan tanp lan
ap fè lwanj Bondye.

Jan

1 Anvan Bondye te kreye anyen, Pawòl la te la. Pawòl la
te avèk Bondye. Sa Bondye te ye, se sa Pawòl la te ye
tou. **2** Pawòl la te la avèk Bondye depi nan konmansman.
3 Se ak Pawòl la Bondye fè tout bagay. Nan tou sa ki te
fèt, pa t' gen anyen ki te fèt san Pawòl la. **4** Lavi, se nan li
sa te ye. Se lavi sa a ki te bay tout moun limyè. **5** Limyè
a klere nan fènwa a. Men, fènwa a pa t' resevwa li. **6**
Bondye te voye yon nonm ki te rele Jan. **7** Li te vin sèvi
temwen pou pale sou limyè a. Li te vini pou tout moun
ki te tande mesaj li a te ka kwè. **8** Se pa li menm ki te
limyè a. Li te vin pou sèvi temwen pou pale sou limyè
a. **9** Limyè sa a, se li ki limyè tout bon an. Se li menm
ki vin sou latè epi k'ap klere tout moun. **10** Pawòl la te
nan lemonn. Se ak Pawòl la Bondye te fè tou sa ki nan
lemonn; men, moun ki nan lemonn pa t' rekonèt li. **11** Li
vin nan peyi l'; men tout moun nan peyi l' pa t' resevwa li.
12 Men, sa ki te resevwa l' yo, sa ki te kwè nan li yo, li
ba yo pouvwa tounen pitit Bondye. **13** Yo pa t' vin pitit
Bondye jan sa fèt pami lèzòm sou latè, paske sa pa t'
soti nan egzijans lachè, ni nan volonte lèzòm. Se Bondye
menm ki te papa yo. **14** Pawòl la tounen moun. Li te vin
viv nan mitan nou, li mennen yon lavi ki te konfòm nèt ak
verite a, ak renmen nan tout kè li. Nou wè pouvwa li, se te
pouvwa Bondye Papa a te bay sèl Pitit li a. **15** Se li menm
Jan Batis t'ap pale a, lè l' te di byen fò: Men moun mwen
t'ap pale nou an, lè m' te di nou: L'ap vin apre mwen. Men,
li gen plis pouvwa pase m', paske li te la anvan mwen. **16**
Nou tout nou resevwa pa nou nan tout kantite byen l' yo.
Li ban nou favè sou favè. **17** Bondye fè Moyiz ban nou
lalwa. Men, se Jezikri ki fè nou konnen renmen Bondye a
ansanm ak verite a. **18** Pesonn pa janm wè Bondye. Men,
sèl Pitit Bondye a, li menm ki Bondye tou, li menm k'ap viv
kòtakòt ak Papa a, se li menm ki fè moun konnen Bondye.
19 Men sa Jan Batis te di lè jwif ki lavil Jerizalèm yo te
voye kèk prèt ak kèk moun Levi vin mande l' ki moun li ye.
20 Jan pa t' refize reponn yo, li di yo kareman devan tout
moun: Se pa mwen ki Kris la. **21** Yo mande li: Ki moun ou
ye atò? Ou se Eli? Jan reponn yo: Non, mwen pa Eli. Yo
di li: Ou se pwofèt la? Li reponn yo: Non. **22** Lè sa a yo di
li: Ki moun ou ye menm? Paske, nou gen pou n' pote yon
repons bay moun ki voye nou yo. Ki moun ou di ou ye?
23 Jan reponn: Mwen se vwa nonm k'ap rele nan dezè a:
Plani chemen an byen plani pou Mèt la! (Se sa pwofèt
Ezayi te di.) **24** Gen nan moun yo te voye bò kot Jan yo
ki te soti lakay farizyen yo. **25** Yo mande li: Si ou pa ni
Kris la, ni Eli, ni pwofèt la, di nou poukisa w'ap batize
moun? **26** Jan reponn yo: Mwen menm, mwen batize nou
nan dlo. Men, nan mitan nou la a, gen yon moun nou pa
konnen. **27** L'ap vin apre m', men mwen pa bon ase pou
m' ta demare kòd sapat li. **28** Tout bagay sa yo t'ap pase
kote yo rele Betani an, lòt bò larivyè Jouden kote Jan t'ap
batize a. **29** Nan denmen, Jan wè Jezi ki t'ap vin jwenn li,
li di: Men ti mouton Bondye a k'ap wete peche moun sou
tout latè. **30** Men moun mwen t'ap pale nou an, lè m' te
di nou gen yon nonm k'ap vin apre m' men ki gen plis
pouvwa pase m', paske li te la anvan mwen. **31** Mwen pa
t' konnen ki moun sa tapral ye. Men, mwen vin batize nou
nan dlo pou moun pèp Izrayèl yo te ka rekonèt li. **32** Jan
di yo ankò: Mwen wè Lespri Bondye a desann sot nan
syèl la tankou yon ti pijon, li rete sou tèt li. **33** Lè sa a,
mwen pa t' ankò konnen ki moun li te ye. Men, Bondye
ki te voye m' batize nan dlo a, te di m': Wa wè Lespri
Bondye a desann. La rete sou tèt yon nonm: Se li menm
ki gen pou batize moun nan Sentespri. **34** Jan di yo ankò:
Mwen wè sa ak je m', se sa ki fè mwen di nou se li ki Pitit
Bondye a vre. **35** Nan denmen, Jan te menm kote a ankò
ak de nan patizan li yo. **36** Li wè Jezi ki t'ap pase, li di:
Men ti mouton Bondye a. **37** De patizan yo tande sa Jan
t'ap di a, yo pran swiv Jezi. **38** Jezi vire tèt li gade, li wè
yo t'ap swiv li. Li mande yo: Sa n'ap chache? Yo mande li:
Ki kote ou rete, Rabi? (Mo rabi sa a vle di mèt.) **39** Li
reponn yo: Vini non, n'a wè. Y' ale vre. Yo wè kote l' te
rete a. Yo pase rès jounen an avè li. (Li te vè katrè konsa
nan apremidi.) **40** Andre, frè Simon Pyè a, te yonn nan
de moun ki te tande sa Jan te di a epi ki te swiv Jezi.
41 Premye moun Andre rankontre se te Simon, frè li. Li
di li konsa: Nou jwenn Mesi a (ki vle di: Kris la). **42** Li
mennen Simon bay Jezi. Jezi gade l', li di: Se ou menm
Simon, pitit Jan an? Y'a rele ou Sefas. (Se menm bagay
ak Pyè, ki vle di wòch.) **43** Nan denmen, Jezi te fè lide ale
nan peyi Galile. Li jwenn Filip sou wout la, li di li: Swiv
mwen. **44** (Filip te moun lavil Betsayda, kote Andre ak
Pyè te rete a.) **45** Apre sa, Filip jwenn Natanayèl. Li di li:
Nou jwenn moun Moyiz te pale nou nan liv lalwa a, moun
pwofèt yo te pale a tou. Se Jezi, moun lavil Nazarèt, pitit
gason Jozèf la. **46** Natanayèl di li: Ki bon bagay ki ka soti
Nazarèt? Filip reponn li: Vini non, wa wè. **47** Lè Jezi wè
Natanayèl ap vin bò kote l', li di sou li: Men yon moun
pèp Izrayèl tout bon. Se yon nonm ki pa gen riz nan li.
48 Natanayèl mande li: Ki jan ou fè konnen mwen? Jezi
reponn li: Anvan Filip te rele ou la, mwen te wè ou lè ou te
anba pye fig frans lan. **49** Lè sa a, Natanayèl di li: Mèt, ou
se Pitit Bondye a. Ou se wa pèp Izrayèl la! **50** Jezi reponn
li: Paske mwen di ou mwen te wè ou anba fig frans lan,
poutèt sa ase ou kwè? Ou gen pou wè bagay pi gwo pase
sa. **51** Apre sa, li di yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: N'a
wè syèl la louvri, avèk zanj Bondye yo k'ap moute desann
sou Moun Bondye voye nan lachè a.

2 De jou apre sa, te gen yon maryaj lavil Kana nan peyi
Galile. Manman Jez te la, **2** yo te envite Jezi ak disip li
yo nan nòs la tou. **3** Rive yon lè pa t' gen diven ankò.
Manman Jezi di l' konsa: Yo pa gen diven ankò non. **4**
Men Jezi reponn li: Nan kisa mwen ye avè ou, madanm?
Lè pa m' lan poko rive. **5** Lè sa a, manman Jezi di moun
ki t'ap sèvi yo: Fè tou sa l' di nou fè. **6** Te gen sis gwo
ja fèt an wòch ki te sèvi pou jwif yo lave kò yo dapre
koutim yo. Yo te gwo ase pou chak te kenbe vin trant
galon konsa. **7** Jezi di moun ki t'ap sèvi yo: Plen ja yo dlo.

Yo plen yo ra bouch. 8 Lè yo fini, Jezi di yo: Pran ti gout
nan dlo sa a, pote bay chèf kanbiz la goute. Yo pote ti
gout bay chèf kanbiz la. 9 Chèf kanbiz la goute dlo ki
te tounen diven an. Li pa t' konnen ki bò diven sa a te
soti. (Men, domestik yo ki te pran dlo a te konnen.) Li
rele nonm ki t'ap marye a, 10 li di li konsa: Tout moun
sèvi pi bon diven an anvan. Se apre tout envite yo fin
sou, se lè sa a yo sèvi diven ki pa twò bon an. Men ou
menm, ou te sere pi bon diven an. Se koulye a w'ap sèvi
l'. 11 Se konsa Jezi te fè premye mirak li lavil Kana nan
peyi Galile. Li te fè wè pouvwa li. Sa te fè disip li yo kwè
nan li. 12 Apre sa, li ale lavil Kapènawòm ansanm ak
manman l', frè l' yo ak disip li yo. Yo pase de twa jou la. 13
Fèt Delivrans jwif yo te vanse rive. Se konsa Jezi moute
Jerizalèm. 14 Li jwenn yon bann moun nan tanp lan ki t'ap
vann bèf, mouton ak pijon. Gen lòt menm ki te chita dèyè
tab yo ap chanje lajan. 15 Li pran kèk kòd, li mare yo
ansanm, li fè yon fwèt ak yo. Epi li mete tout moun yo
deyò nan tanp lan ansanm ak tout mouton yo ak tout bèf
yo. Li chavire tab moun ki t'ap chanje lajan yo, li jete tout
kòb yo atè. 16 Li di moun ki t'ap vann pijon yo: Wete sa
la. Pa fè kay Papa m' lan tounen yon boutik kote yo fè
komès. 17 Disip li yo vin chonje pawòl sa yo ki te ekri nan
Liv la: O Bondye, mwen sitèlman renmen kay ou a, mwen
santi se tankou yon dife k'ap boule tout anndan mwen. 18
Jwif yo mande li: Ki mirak ou ka fè pou moutre nou ou
gen dwa fè sa w'ap fè la a? 19 Jezi reponn yo: Kraze tanp
sa a koulye a. Nan twa jou m'ap rebati l' ban nou. 20 Jwif
yo di li: Yo pran karannsizan pou yo bati tanp sa a, pou ou
menm, pou ou ta pran twa sèl jou pou rebati li? 21 Men
Jezi li menm, lè l' t'ap di mo tanp lan se pwòp kò li li te
gen nan tèt li. 22 Lè Jezi leve soti vivan nan lanmò, disip
li yo vin chonje li te di sa. Se konsa yo te kwè sa ki te ekri
nan Liv la ansanm ak tout pawòl Jezi te di yo. 23 Pandan
Jezi te Jerizalèm pou fèt Delivrans lan anpil moun te kwè
nan li lè yo te wè mirak li t'ap fè. 24 Men, Jezi pa t' fè
okenn ladan yo konfyans, paske li te konnen yo tout byen.
25 Li pa t' bezwen moun te di l' anyen sou pesonn, paske
li menm li te konnen sa ki nan kè yo.

3 Te gen yon nonm yo te rele Nikodèm ki te fè pati
gwoup farizyen yo. Se te yonn nan chèf jwif yo. 2
Yon jou lannwit, li vin bò kot Jezi, li di l' konsa: Mèt, nou
konnen se Bondye ki voye ou moutre nou tout bagay
sa yo. Paske, pesonn pa ka fè tout mirak w'ap fè yo si
Bondye pa avèk li. 3 Jezi reponn li: Sa m'ap di ou la a, se
vre wi: Pesonn pa kapab wè Pèyi kote Bondye Wa a si li
pa fèt yon dezyèm fwa. 4 Nikodèm di li: Ki jan yon nonm
ki fin granmoun ka fèt yon dezyèm fwa? Li pa ka tounen
nan vant manman l', pou l' fèt yon lòt fwa ankò. 5 Jezi
reponn li: Sa m'ap di ou la a, se vre wi: Pesonn pa ka
antre nan Peyi kote Bondye Wa a si li pa fèt nan dlo ak
nan Sentespri. 6 Lachè soti nan lachè, lespri soti nan
Lespri Bondye. 7 Pa sezi si mwen di ou: se pou nou fèt
yon dezyèm fwa. 8 Van an soufle kote l' vle. Ou tande bri
l'ap fè. Men, ou pa konnen ki bò l' soti, ni ki bò l' prale. Se
menm jan an pou tout moun ki fèt nan Lespri Bondye. 9
Lè sa a Nikodèm di li: Ki jan sa ka fèt menm? 10 Jezi
reponn li: Ou se yon gwo mèt k'ap moutre pèp Izrayèl la
anpil bagay, epi ou pa konn bagay sa yo? 11 Sa m'ap di
ou la a, se vre wi: mwen menm, mwen pale sa m' konnen,
mwen di sa m' te wè. Men nou menm, nou pa vle asepte
sa m'ap di a. 12 Nou pa kwè m' lè m'ap pale nou bagay
k'ap pase isit sou latè. Ki jan n'a fè kwè m' lè m'a pale nou
bagay k'ap pase nan syèl la? 13 Pesonn pa janm moute
nan syèl la, esepte Moun Bondye voye nan lachè a ki
desann soti nan syèl la. 14 Menm jan Moyiz te leve sèpan
ki te fèt an bwonz lan byen wo sou yon poto nan mitan
dezè a, konsa tou yo gen pou yo leve Moun Bondye voye
nan lachè a byen wo tou. 15 Tout moun ki mete konfyans
yo nan li va gen lavi ki p'ap janm fini an. **(aiōnios g166)** 16
Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a
pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi
lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an. **(aiōnios g166)** 17 Bondye pa voye Pitit li a sou latè pou kondannen
lèzòm, men pito pou l' te kapab delivre yo. 18 Moun ki
mete konfyans yo nan Pitit Bondye a p'ap kondannen.
Men, moun ki pa kwè nan li, yo deja kondannen, paske yo
pa t' gen konfyans nan sèl Pitit Bondye a. 19 Men ki bò
kondannasyon an soti pou yo: limyè a te vini nan lemonn,
men lèzòm te pito fènwa a pase limyè a, paske sa y'ap fè
a mal. 20 Lè yon moun ap fè sa ki mal, li pa vle wè limyè
a, li p'ap vini kote limyè a ye, paske li pè pou move zak
li yo pa parèt aklè. 21 Men, moun ki fè sa ki bon vre,
se nan limyè a menm l'ap vini, pou moun ka wè aklè se
obeyi l'ap obeyi Bondye nan sa l'ap fè a. 22 Apre sa, Jezi
ale ansanm ak disip li yo nan peyi Jide. Li rete kèk tan la
ak yo, li t'ap batize moun. 23 Jan Batis menm t'ap batize
moun tou nan Enon, toupre Salim, paske te gen anpil dlo
la. Anpil moun te vin jwenn li la pou l' li te batize yo. 24 (Lè
sa a, yo pa t' ankò mete Jan Batis nan prizon.) 25 De twa
nan patizan Jan yo tonbe diskite ak yon jwif sou regleman
relijyon an ki mande pou moun lave kò yo. 26 Y' ale bò kot
Jan, yo di l' konsa: Mèt, ou chonje nonm ki te avè ou lòt
bò larivyè Jouden an, moun ou t'ap pale nou an? Enben,
l'ap batize koulye a. Tout moun al jwenn li. 27 Jan reponn
yo: Pesonn pa ka gen anyen si se pa Bondye nan syèl la
ki ba li li. 28 Nou menm, nou ka di mwen te di nou sa: Se
pa mwen ki Kris la, se voye Bondye voye m' pran devan
li. 29 Nan yon maryaj, lamarye se pou nonm k'ap marye
a. Zanmi nonm k'ap marye a kanpe toupre l', l'ap koute. Li
pa manke kontan lè li tande vwa nonm k'ap marye a. Se
konsa, mwen menm, mwen kontan nèt koulye a. 30 Li
fèt pou li vin pi gran, pou mwen menm, mwen vin pi piti
toujou. 31 Moun ki soti anwo a pi gran pase nou tout.
Moun ki soti sou latè, se pou latè li ye, l'ap pale nou bagay
ki sou latè. Moun ki soti anwo nan syèl la, li pi wo pase
nou tout. 32 L'ap di sa l' wè, sa l' tande. Men, pesonn pa
asepte mesaj li. 33 Moun ki asepte sa l'ap di a, li rekonèt
sa Bondye di a se vre. 34 Moun Bondye voye a, se pawòl
Bondye l'ap pale, paske Bondye ba li Sentespri san mezi.

35 Papa a renmen Pitit la, li ba li pouvwa sou tout bagay.
36 Moun ki mete konfyans yo nan Pitit la, yo gen lavi ki
p'ap janm fini an. Moun ki desobeyi Pitit la, yo p'ap gen
lavi sa a. Se kòlè Bondye k'ap tonbe sou yo. **(aiōnios g166)**

4 Farizyen yo tande Jezi t'ap fè plis patizan pase Jan,
li t'ap batize plis moun pase l' tou. 2 (Men, pou di
vre, Jezi pa t' janm batize pesonn. Se disip li yo ki t'ap
batize.) 3 Lè Jezi vin konn sa, li kite peyi Jide, li tounen
nan peyi Galile. 4 Sou wout la, fòk li te pase nan mitan
peyi Samari. 5 Li rive nan yon bouk Samari yo rele Sika,
toupre moso tè Jakòb te bay Jozèf, pitit gason l' lan. 6 Se
la pi Jakòb la te ye. Jezi menm te bouke, vwayaj la te
fatige l' anpil. Li chita sou rebò pi a. Li te bò midi konsa. 7
Yon fanm peyi Samari vin pou tire dlo. Jezi di l' konsa:
Tanpri, ban m' ti gout dlo pou m' bwè. 8 (Disip li yo te ale
lavil la achte manje.) 9 Fanm Samari a di Jezi konsa:
Kouman? Se pa jwif ou ye? Ki jan ou fè mande m' dlo pou
ou bwè, mwen menm ki moun Samari? (Paske, jwif yo pa
t' gen rapò ak moun Samari.) 10 Jezi reponn li: Si ou te
konnen sa Bondye bay la, si ou te konnen ki moun k'ap
mande ou ti gout dlo pou bwè a, se ou menm ki ta mande
l' ba ou ti gout dlo bwè. Lè sa a, li ta ka ba ou nan dlo ki
bay lavi a. 11 Fanm lan di li: Msye, ou pa gen veso pou
tire dlo. Epitou, pi a fon anpil. Ki bò pou ou ta jwenn dlo ki
bay lavi sa a? 12 Se Jakòb, zansèt nou, ki te ban nou pi
sa a. Li te bwè ladan li. Tout pitit li yo ansanm ak tout
bèt li yo, se la yo te bwè tou. Koulye a, ou prèt pou di m'
ou pi gran pase Jakòb? 13 Jezi reponn li: Tout moun ki
bwè dlo sa a gen pou l' swaf dlo ankò. 14 Men, moun ki
va bwè nan dlo m'ap ba li a, li p'ap janm swaf dlo ankò.
Paske, dlo m'ap ba li a ap tounen yon sous dlo nan li
k'ap ba li lavi ki p'ap janm fini an. **(aiōn g165, aiōnios g166)**
15 Fanm lan di l': Tanpri, msye, ban m' ti gout nan dlo
sa a non pou m' bwè, konsa mwen p'ap janm anvi bwè
dlo ankò, mwen p'ap bezwen tounen isit la vin tire dlo.
16 Jezi di l' konsa: Ale rele mari ou. Apre sa, tounen vin
jwenn mwen isit la. 17 Fanmi lan reponn: Mwen pa gen
mari. Jezi di l' konsa: Ou gen rezon di ou pa gen mari. 18
Paske, ou pase senk mari deja. Epi nonm k'ap viv avè ou
koulye a, se pa mari ou li ye. Ou pa ban m' manti. 19 Lè
sa a, fanm lan di l': Gen lè ou se yon pwofèt, msye? 20
Zansèt nou yo nan peyi Samari te sèvi Bondye sou mòn
sa a. Men nou menm jwif, nou di: Sèl kote pou moun sèvi
Bondye, se lavil Jerizalèm. 21 Jezi reponn li: Madanm, ou
mèt kwè mwen. Lè a pral rive, se pa ni sou mòn sa a, ni
lavil Jerizalèm pou n' sèvi Papa a. 22 Nou menm, moun
Samari, nou pa konnen sa n'ap sèvi a. Nou menm jwif,
nou konnen sa n'ap sèvi a, paske moun k'ap vin pou sove
a, se nan mitan jwif yo l'ap soti. 23 Men, lè a ap rive, li
rive deja: tout moun k'ap sèvi tout bon yo pral sèvi Papa a
nan kè yo jan sa dwe fèt. Se moun konsa Bondye vle pou
sèvi li. 24 Bondye, se Lespri li ye. Tout moun k'ap sèvi l',
se pou yo sèvi l' nan lespri yo jan sa dwe fèt la. 25 Fanm
lan di li: Mwen konnen Mesi a, moun yo rele Kris la, gen
pou l' vini tou. Lè la vini, la esplike nou tout bagay sa
yo. 26 Jezi reponn li: Mwen menm k'ap pale avè ou la a,
mwen se Kris la. 27 Lè sa a, disip Jezi yo vin rive. Yo te
sezi wè l' ap pale ak yon fanm. Men, yo yonn pa mande l':
Kisa ou gen avèk li? Osinon: Poukisa w'ap pale avè li? 28
Fanm lan menm kite krich dlo a la, li tounen li al lavil la. Li
di moun yo: 29 Vini wè yon nonm ki di m' tou sa m' fè.
Eske nou pa kwè se Kris la? 30 Moun yo soti lavil la, yo
vin jwenn Jezi. 31 Disip yo menm, bò pa yo, t'ap mande
Jezi pou l' manje. Yo t'ap di l': Tanpri, Mèt, manje kichòy
non! 32 Men, li reponn yo: Mwen gen pou m' manje yon
manje nou pa konnen. 33 Lè sa a, disip yo yonn pran
mande lòt: Gen lè yon moun pote manje ba li. 34 Jezi di
yo: Manje pa m', se fè volonte moun ki voye m' lan; se
pou m' fin fè travay li ban m' fè a. 35 Nou menm, nou di:
Nan kat mwa ankò nou pral fè rekòt. Mwen menm, mwen
di nou: Gade jaden yo byen. Grenn yo fin mi, yo tou bon
pou ranmase. 36 Yo gen tan peye moun k'ap ranmase
rekòt la, l'ap anpile grenn yo pou lavi ki p'ap janm fini
an. Se konsa, moun k'ap simen an kontan; moun k'ap
ranmase a kontan tou ansanm avèk li. **(aiōnios g166)** 37
Sa pawòl la di a, se vre wi: Moun ki simen an, se pa li ki
ranmase. 38 Mwen voye nou ranmase nan yon jaden nou
pa t' travay. Se lòt moun ki te travay li. Men, se nou menm
k'ap pwofite travay yo. 39 Anpil moun Samari ki te rete
nan Sika te kwè nan Jezi poutèt sa madanm lan te di yo:
Li di m' tou sa m' fè. 40 Se konsa, lè yo rive bò kote li, yo
mande l' pou l' rete avèk yo. Jezi pase de jou nan lavil la.
41 Te gen anpil lòt moun ankò ki te kwè nan li, poutèt sa
Jezi menm t'ap di yo. 42 Yo di fanm lan konsa: Koulye a
nou kwè, se pa sèlman poutèt sa ou rakonte nou an, men
tou paske nou tande l' nou menm ak de zòrèy nou. Nou
konnen se li menm vre ki vin delivre moun sou latè. 43 Lè
Jezi fin pase de jou sa yo la, li pati, li ale nan peyi Galile.
44 Paske, se Jezi menm ki te di: Yo pa janm respekte yon
pwofèt nan peyi kote l' soti. 45 Lè li rive nan Galile, moun
Galile yo te byen resevwa l', paske yo menm tou yo te al
lavil Jerizalèm pou fèt Delivrans lan, yo te wè tou sa li te
fè lè sa a. 46 Apre sa, Jezi tounen vin Kana nan Galile,
kote li te fè dlo tounen diven an. Nan lavil la te gen yon
gwo fonksyonè leta ki te gen yon pitit gason l' ki te malad
nan yon lòt lavil yo rele Kapènawòm. 47 Lè li vin konnen
Jezi te soti peyi Jide vin nan peyi Galile, li al jwenn li,
li mande l' pou li al Kapènawòm geri pitit li a ki te prèt
pou mouri. 48 Jezi di l' konsa: Si nou pa wè mirak ak bèl
bagay, nou p'ap janm kwè. 49 Fonksyonè a reponn li: Mèt,
vin avè m' non, anvan pitit mwen an gen tan mouri. 50
Jezi di li: Ou mèt al lakay ou. Pitit ou a p'ap mouri. Nonm
lan kwè sa Jezi te di l' la, li ale. 51 Li te sou wout lakay li
toujou lè domestik li yo vin jwenn li avèk nouvèl sa a: Pitit
ou a pa mouri. 52 Li mande yo: Kilè ti gason an refè? Yo
reponn li: Yè apremidi, bò enè konsa, lafyèb la tonbe. 53
Papa a vin rekonèt se te lè sa a menm Jezi te di l': Pitit
gason ou lan p'ap mouri. Se konsa li menm ansanm ak

tout moun lakay li yo kwè nan Jezi. **54** Sa te fè dezyèm
mirak Jezi te fè lè l' tounen soti Jide vini nan peyi Galile.

5 Apre sa, jwif yo te gen yon fèt nan tanp lan. Jezi moute
Jerizalèm. **2** Nan lavil la, bò Pòtay Mouton yo, te gen
yon gwo basen dlo yo te rele nan lang ebre: Betzata. Te
gen senk pòt ki te bay sou li. **3** Devan pòt yo, te gen anpil
moun ki te gen tout kalite maladi kouche la: gen sa ki te
avèg, gen sa ki t'ap bwete, gen sa ki te paralize. Yo tout
yo t'ap tann lè dlo a pran bouyi. **4** Paske, tanzantan, yon
zanj Bondye te desann nan basen an vin brase dlo a.
Premye moun malad ki te desann nan dlo a apre zanj lan
te fin brase l' la te geri, nenpòt ki maladi li te genyen. **5** Te
gen yon nonm la ki te malad depi trantwitan. **6** Jezi wè l'
kouche. Li vin konnen li te malad depi tout tan sa a. Li
mande li: Eske ou vle geri? **7** Malad la reponn li: Mèt,
mwen pa gen pesonn pou mete m' nan basen an lè dlo
a ap bouyi. Lè mwen fè sa pou m' ale, yon lòt gen tan
desann anvan mwen. **8** Jezi di li: Leve non. Pran nat ou,
mache ou ale. **9** Menm lè a, nonm lan geri. Li ranmase
nat li, li pran mache. Men, jou sa fèt la se te yon jou repo.
10 Jwif yo di nonm ki te geri a: Jòdi a se jou repo. Lalwa
nou an pa pèmèt pou w'ap pote nat ou jòdi a. **11** Li reponn
yo: Se moun ki geri m' lan wi ki di m' ranmase nat mwen,
mache m' ale. **12** Lè sa a, yo mande li: Kilès sa a ki di ou
ranmase nat ou, mache ou ale a? **13** Men, nonm ki te geri
a pa t' konnen ki moun li te ye, paske te sitèlman gen
moun la, Jezi te gen tan pati al fè wout li. **14** Pita, Jezi
kontre nonm lan nan tanp lan. Li di li konsa: Koute non.
Koulye a ou wè ou geri, pa fè peche, tande, pou bagay pi
mal pa rive ou. **15** Nonm lan al di jwif yo se Jezi ki te geri
li. **16** Se poutèt sa jwif yo tanmen pèsekite Jezi paske li
te fè sa yon jou repo. **17** Men, Jezi reponn yo: Se tout
tan Papa m' ap travay. Mwen menm tou, m'ap travay. **18**
Poutèt pawòl sa a, jwif yo t'ap chache pi rèd atò pou yo te
touye l'. Li pa t' sèlman fè bagay ki kont lalwa repo a, men
li te di yo Bondye se papa li. Lè l' di sa, li te fè tèt li pase
pou menm moun ak Bondye. **19** Lè sa a, Jezi reponn yo:
Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Pitit Bondye a pa fè anyen
pou kò li. Sa l' wè Papa a fè, se sa l' fè tou. Tou sa Papa a
ap fè, Pitit la fè l' tou. **20** Papa a renmen Pitit la, li moutre
l' tou sa li menm l'ap fè. Li gen pou l' moutre l' fè bagay ki
pi estwòdenè pase sa. Lè sa a, nou p'ap manke sezi. **21**
Papa a fè moun mouri leve, li ba yo lavi ankò. Konsa tou,
Pitit la bay moun li vle lavi. **22** Papa a pa jije pesonn, men
li bay Pitit la tout pouvwa pou jije. **23** Konsa, tout moun va
gen respè pou Pitit la, menm jan yo gen respè pou Papa
a. Moun ki pa respekte Pitit la, li pa gen respè pou Papa
ki voye l' la non plis. **24** Sa m'ap di nou la a, se vre wi:
Yon moun ki koute pawòl mwen, ki mete konfyans nan
moun ki voye m' lan, l'ap gen lavi ki p'ap janm fini an. Yo
p'ap kondannen li. Li deja soti nan lanmò, li antre nan
lavi. **(aiōnios g166)** **25** Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Lè a
ap rive, li rive deja: moun mouri yo pral tande vwa Pitit
Bondye a. Tout moun mouri ki va tande vwa sa a pral gen
lavi. **26** Papa a gen pouvwa pou l' bay lavi. Konsa tou, li
bay Pitit la pouvwa pou bay lavi tou. **27** Li bay Pitit la
otorite pou jije, paske Pitit la, se Moun Bondye voye nan
lachè a. **28** Nou pa bezwen sezi. Lè a pral rive: tout mò ki
nan tonm pral tande vwa li, **29** yo pral leve soti vivan nan
tonm yo. Moun ki fè sa ki byen pral leve pou resevwa
lavi ki p'ap janm fini an. Men, tout moun ki fè sa ki mal
pral leve pou resevwa kondannasyon yo. **30** Mwen pa
kapab fè anyen pou kò mwen. M'ap jije dapre sa Bondye
di mwen. Jijman mwen bon paske sa m'ap chache fè a se
pa sa m' vle, men sa moun ki voye m' lan vle. **31** Si m'
pale tèt mwen byen, moun pa ka asepte sa m'ap di a
pou verite. **32** Men, se yon lòt k'ap pale byen sou mwen.
Mwen konnen sa l'ap di sou mwen an, se verite. **33** Nou
te voye moun bò kot Jan. Li te di nou verite a jan l' ye a.
34 Mwen menm poutèt pa m', mwen pa bezwen pesonn
pale pou mwen. Men, mwen di nou sa pou nou kapab
sove. **35** Jan te tankou yon lanp yo limen ki klere byen
bèl. Pou yon tan, nou te byen kontan pwofite limyè li a. **36**
Men, pou mwen menm, mwen gen yon lòt bagay ki pale
an favè m' ki pi bon toujou pase sa Jan te di sou mwen
an. Se travay m'ap fè a, travay Papa m' ban m' fè a ki pale
pou mwen. Sa fè wè se Papa a ki voye mwen. **37** Papa ki
voye m' lan, li menm tou l'ap pale an favè mwen. Nou pa
janm tande vwa l', ni nou pa janm wè figi li. **38** Nou pa
kenbe pawòl li yo nan kè nou, paske nou pa kwè nan
moun li voye a. **39** N'ap plede etidye sa ki ekri nan Liv la,
paske nou mete nan tèt nou nou ka jwenn lavi ki pa janm
fini an ladan li. Men, se Liv sa a menm ki pale sou mwen.
(aiōnios g166) **40** Malgre sa, nou pa vle vin jwenn mwen
pou nou ka gen lavi tout bon an. **41** Mwen p'ap chache
lwanj nan men lèzòm. **42** Men, mwen konnen ki moun nou
ye: nou pa gen renmen pou Bondye nan kè nou. **43** Se
Papa m' ki voye mwen. Men, nou pa vle resevwa mwen.
Men, kite yon lòt moun vin pou kont li, n'ap resevwa li. **44**
Nou renmen resevwa lwanj yonn nan men lòt, nou pa
chache lwanj ki soti nan men Bondye ki pa gen parèy la.
Nan kondisyon sa a, ki jan pou nou kwè? **45** Pa mete nan
tèt nou mwen pral akize nou devan Papa mwen. Se Moyiz
ki pral akize nou, Moyiz nou di ki tout espwa nou an. **46**
Si nou te kwè tout bon nan Moyiz, nou ta kwè nan mwen
tou, paske li ekri sou mwen tou. **47** Men, nou pa kwè nan
sa l' te ekri a. Ki jan pou n' ta fè kwè sa m'ap di nou an?

6 Apre sa, Jezi janbe lòt bò lanmè Galile a. Yo rele
lanmè sa a lanmè Tiberyad tou. **2** Yon gwo foul moun
t'ap swiv li, paske yo te wè mirak li t'ap fè, jan li t'ap geri
anpil moun malad tou. **3** Jezi moute sou yon ti mòn, li
chita la ansanm ak disip li yo. **4** Jou fèt Delivrans jwif yo
te vanse rive. **5** Jezi gade, li wè yon gwo foul moun ki t'ap
vin jwenn li. Li rele Filip, li di l' konsa: Ki bò nou ta ka
jwenn manje pou n' achte pou n' bay moun sa yo manje?
6 (Li t'ap di sa pou l' te wè sa Filip tapral reponn li; li menm
li te byen konnen sa l' tapral fè.) **7** Filip reponn li: Menm si
nou ta gen desan (200) goud pou achte pen, pa ta gen
ase pou chak moun ta jwenn ti kal. **8** Yon lòt nan disip yo,
Andre, frè Simon Pyè a, di li: **9** Gen yon ti gason la a ki

gen senk pen fèt ak farenn lòj, ak de ti pwason. Men, sa
pa anyen pou tout kantite moun sa yo. 10 Lè sa a, Jezi di
yo: Fè moun yo chita. (Te gen anpil zèb bò la.) Moun yo
chita, te gen senkmil (5.000) gason konsa. 11 Jezi pran
pen yo; lè li fin di Bondye mèsi pou yo, li bay tout moun ki
te chita yo. Li fè menm jan an tou ak pwason yo. Yo tout
te jwenn kantite yo te vle. 12 Lè tout fin manje vant plen,
Jezi di disip li yo: Ranmase tout ti moso ki rete yo. Pa kite
anyen gaspiye. 13 Yo ranmase tout moso ki te rete nan
senk pen moun yo te manje yo. Yo plen douz panyen pote
ale. 14 Lè moun yo wè mirak Jezi te fè a, yo di konsa: Se
vre wi, nonm sa a se pwofèt ki te gen pou vini sou latè a.
15 Jezi te vin konnen yo tapral pran l' pa fòs pou yo fè
l' wa. Li wete kò l' ankò sou ti mòn lan, men fwa sa a
pou kont li. 16 Lè solèy fin kouche, disip li yo desann bò
lanmè a. 17 Yo moute nan yon kannòt, yo pran travèse
lanmè a nan direksyon Kapènawòm. Te fin fè nwit nèt,
men Jezi pa t' ankò vin jwenn yo. 18 Dlo lanmè a te move
paske van an te fò. 19 Yo te gen tan naje zaviwon senk a
sis kilomèt konsa deja, lè yo wè Jezi ki t'ap vin bò kannòt
la. Li t'ap mache sou dlo a. Yo tout te pè. 20 Men, Jezi di
yo: Se mwen menm. Nou pa bezwen pè. 21 Yo te vle
pran l' nan kannòt la, men lamenm yo fè tè: yo te gen tan
rive kote yo taprale a. 22 Nan denmen, foul moun ki te
rete lòt bò lanmè a te wè te gen yon sèl kannòt ase. Yo te
konnen Jezi pa t' moute nan kannòt la avèk disip li yo.
Disip li yo te pati pou kont yo. 23 Men, te gen lòt kannòt ki
te soti lavil Tiberyad ki te rive bò kote yo te manje pen an
apre Seyè a te di Bondye mèsi a. 24 Lè foul moun yo wè
ni Jezi, ni disip li yo pa t' la, yo moute nan kannòt sa yo, y'
al chache l' lavil Kapènawòm. 25 Yo jwenn Jezi lòt bò
lanmè a. Yo di li: Mèt, kilè ou gen tan rive isit la? 26 Jezi
reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Se pa paske
nou wè mirak mwen fè yo non kifè n'ap chache m' konsa.
Se paske nou manje pen plen vant nou. 27 Pa travay pou
manje k'ap gate! Travay pito pou manje k'ap konsève,
manje k'ap bay lavi ki p'ap janm fini an. Kalite manje sa a,
se Moun Bondye voye nan lachè a ki va ban nou l', paske
se pou sa Bondye Papa a voye li. **(aiōnios g166)** 28 Lè sa
a, yo mande li: Kisa pou n' fè si nou vle fè travay Bondye?
29 Jezi reponn yo: Sèl travay Bondye mande nou pou n'
fè, se pou nou mete konfyans nou nan moun li voye a. 30
Yo di li: Ki mirak ou ka fè nou wè pou nou ka kwè nan ou?
Kisa ou pral fè? 31 Zansèt nou yo te manje laman nan
dezè a, jan sa ekri nan Liv la: Li ba yo pen ki soti nan syèl
la pou yo manje. 32 Jezi reponn yo: Sa m'ap di nou la a,
se vre wi: Moyiz pa t' ban nou pen ki soti nan syèl la. Men,
se Papa m' k'ap ban nou pen ki soti nan syèl tout bon an.
33 Paske pen Bondye bay la, se moun ki desann sot nan
syèl la pou bay lèzòm lavi. 34 Yo di li: Mèt, toujou ban n'
nan kalite pen sa a. 35 Jezi di yo: Se mwen menm pen ki
bay lavi a. Moun ki vin jwenn mwen p'ap janm grangou;
moun ki kwè nan mwen p'ap janm swaf dlo. 36 Men,
mwen te di nou sa: nou wè m', men nou pa kwè toujou. 37
Tout moun Papa a ban mwen, gen pou vin jwenn mwen.
Mwen p'ap janm mete moun ki vin jwenn mwen yo deyò.
38 Paske, se pa pou fè volonte pa m' mwen desann sot
nan syèl la, men pou m' fè volonte moun ki voye m' lan.
39 Men sa moun ki voye m' lan vle: li vle pou m' pa pèdi
yonn nan moun li ban mwen yo, men pou m' fè yo leve
soti vivan nan lanmò nan dènye jou a. 40 Men sa Papa m'
vle: Tout moun ki wè Pitit la, ki kwè nan li, se pou yo gen
lavi ki p'ap janm fini an. Mwen gen pou m' fè yo leve soti
vivan nan lanmò nan dènye jou a. **(aiōnios g166)** 41 Jwif yo
te fache anpil sou Jezi poutèt li te di: Se mwen menm ki
pen ki desann sot nan syèl la. 42 Yo t'ap di: Apa Jezi, pitit
gason Jozèf la? Nou konn papa l' ak manman li. Ki jan li
ka fè di koulye a li desann sot nan syèl la? 43 Jezi reponn
yo: Nou pa bezwen ap bougonnen konsa. 44 Pesonn
pa ka vin jwenn mwen si Papa ki voye m' lan pa rele l'
vini. Mwen menm, m'a fè l' leve soti vivan nan lanmò nan
dènye jou a. 45 Se sa ki ekri nan liv pwofèt yo: Bondye
menm ap moutre yo tout bagay. Tout moun ki koute Papa
a, ki asepte tou sa l' moutre yo, y'ap vin jwenn mwen. 46
Sa pa vle di gen pesonn ki janm wè Papa a. Sèl moun ki
wè Papa a, se moun ki soti bò kote Bondye ye a. 47 Sa
m'ap di nou la a, se vre wi: moun ki mete konfyans yo nan
Bondye, se yo ki gen lavi ki p'ap janm fini an. **(aiōnios
g166)** 48 Se mwen menm pen ki bay lavi a. 49 Zansèt nou
yo te manje laman nan dezè a, atousa yo mouri. 50 Men,
moun ki manje pen ki desann sot nan syèl la, yo p'ap
janm mouri. 51 Se mwen menm pen ki bay lavi a, pen ki
desann sot nan syèl la. Si yon moun manje nan pen sa a,
l'ap viv pou tout tan. Pen mwen gen pou m' bay la, se kò
mwen. M'ap bay li pou tout moun ki sou latè ka jwenn lavi.
(aiōn g165) 52 Pawòl sa yo fè jwif yo tonbe diskite yonn ak
lòt. Yo t'ap mande: Kouman nonm sa a kapab ban nou kò
l' pou n' manje? 53 Jezi di yo: Sa m'ap di nou la a, se vre
wi: si nou pa manje kò Moun Bondye voye nan lachè a, si
nou pa bwè san li, nou p'ap gen lavi nan nou. 54 Moun ki
manje kò mwen, ki bwè san mwen, li gen lavi ki p'ap janm
fini an. Mwen gen pou m' fè l' leve soti vivan nan lanmò
nan dènye jou a. **(aiōnios g166)** 55 Paske kò m', se yon
manje tout bon, san mwen, se yon bwason tout bon. 56
Moun ki manje kò m', ki bwè san m', y'ap fè yonn avè
m', epi m'ap fè yonn avè yo tou. 57 Papa ki voye m' lan,
li vivan. Se li menm ki ban m' lavi. Konsa tou, moun ki
manje m', m'a ba yo lavi. 58 Men pen ki desann sot nan
syèl la. Li pa tankou pen zansèt nou yo te manje a, paske
pen yo a pa t' anpeche yo mouri. Moun ki manje pen sa a
ap viv pou tout tan. **(aiōn g165)** 59 Jezi te di pawòl sa yo
antan l' te nan sinagòg Kapènawòm lan ap moutre moun
yo anpil bagay. 60 Lè yo fin tande sa, anpil nan disip Jezi
yo di: Pawòl sa a twò rèd. Ki moun ki ka pran li? 61 Jezi te
gen tan wè disip li yo t'ap bougonnen sou pawòl la. Li di
yo: Sa ofiske nou, pa vre? 62 Kisa n'a di lè n'a wè Moun
Bondye voye nan lachè a tounen moute kote l' te ye anvan
an? 63 Se lespri a ki bay lavi, kò a pa vo anyen. Pawòl
mwen di nou yo soti nan Lespri Bondye, yo bay lavi. 64
Men, gen kèk moun pami nou ki pa kwè. (Jezi te pale

konsa, paske depi nan konmansman li te konnen moun ki
pa t'ap kwè yo ansanm ak moun ki te gen pou trayi l' la.)
65 Li di ankò: Se poutèt sa mwen te di nou: pesonn pa ka
vin jwenn mwen si se pa Bondye Papa a ki fè sa pou
li. 66 Depi lè sa a, anpil nan disip yo wete kò yo, yo pa
mache avè l' ankò. 67 Lè Jezi wè sa, li di douz disip yo:
Nou menm, nou pa vle ale tou? 68 Simon Pyè reponn li:
Seyè, ki moun pou n' al jwenn? Se ou menm ki gen pawòl
k'ap bay lavi ki p'ap janm fini an. (aiōnios g166) 69 Koulye
a nou kwè, nou konnen se ou menm ki moun Bondye
chwazi a. 70 Jezi reponn yo: Eske se pa mwen ki chwazi
nou touledouz? Malgre sa, yonn nan nou se yon dyab. 71
Li t'ap pale sou Jida, pitit Simon Iskariòt la. Paske, atout
Jida te yonn nan douz disip yo, se li ki tapral trayi li.

7 Apre sa, Jezi t'ap mache toupatou nan peyi Galile,
li pa t' vle ale nan peyi Jide menm, paske jwif yo t'ap
chache touye li. 2 Jou fèt Joupa jwif yo te pre rive. 3 Frè
Jezi yo di l' konsa: Pa rete bò isit la. Ale nan Jide non.
Konsa, disip ou yo va wè travay w'ap fè. 4 Yon moun ki
vle pou tout moun konnen l' pa dwe travay an kachèt.
Avèk travay w'ap fè a, se pou ou kite tout moun wè ou. 5
(Men, frè l' yo pa t' kwè nan li.) 6 Jezi di yo konsa: Lè pa
m' lan poko sonnen. Pou nou, tout lè yo bon. 7 Moun k'ap
viv dapre prensip ki nan lemonn pa ka rayi nou. Men,
mwen menm yo rayi m' paske mwen di sa y'ap fè a pa
bon. 8 Nou mèt al nan fèt la. Mwen menm, mwen pa
prale. Paske, lè pa m' lan poko rive. 9 Apre li fin di yo sa,
li rete rete l' nan peyi Galile. 10 Apre frè l' yo fin pati al nan
fèt la, Jezi ale tou, men an kachèt. Li pa t' kite pesonn wè
li. 11 Jwif yo menm t'ap chache l' pandan tout fèt la. Yo
t'ap di: Kote l' ye konsa? 12 Nan tout foul moun yo, yo
t'ap pale nan zòrèy sou li anpil. Gen moun ki t'ap di: Se
yon nonm debyen wi. Gen lòt ki t'ap di: Non, se pete l'ap
pete moun. 13 Men, pesonn pa t' nonmen non l' fò pou lòt
moun pa t' tande, sitèlman yo te pè jwif yo. 14 Te rete
kat jou ankò pou fèt la te fini, lè Jezi al nan tanp lan. Li
kòmanse pale. 15 Jwif yo pa t' manke sezi. Yo t'ap di: Ki
jan nonm sa a fè konnen tout bagay sa yo? Li pa janm al
lekòl. 16 Jezi reponn yo: Bagay m'ap moutre nou la a,
se pa nan mwen yo soti. Yo soti nan Bondye ki voye m'
lan. 17 Si yon moun deside fè sa Bondye vle, la konnen
si bagay m'ap moutre yo soti nan Bondye osinon si se
pawòl pa m' m'ap pale. 18 Yon moun k'ap pale pawòl pa
l', se chache l'ap chache fè lwanj tèt li. Men, moun k'ap
travay pou sa sèvi yon lwanj pou moun ki voye l' la, se
verite a pou l' di. Pa gen riz nan li. 19 Moyiz te ban nou
Lalwa a, pa vre? Men, nou yonn pa obeyi Lalwa. Poukisa
n'ap chache touye mwen? 20 Foul moun yo reponn li:
Gen lè ou gen yon move lespri sou ou? Ki moun k'ap
chache touye ou la a? 21 Jezi reponn yo: Mwen fè yon
sèl bagay, epi nou tout nou sezi pou sa! 22 Moyiz ban
nou lòd pou nou sikonsi tout ti gason, epi nou dakò pou
yo sikonsi yon moun gwo jou repo a. (Men, kite m' di nou:
se pa t' Moyiz ki te kòmanse ak sikonsizyon an non, se te
zansèt nou yo.) 23 Si nou ka sikonsi yon ti gason jou repo
a pou n' ka fè sa Lalwa Moyiz la mande a, pa gen rezon
pou n' ankòlè sou mwen si m' geri yon moun ki te malad
nan tout kò l', yon jou repo. 24 Pa jije sou laparans. Jije
dapre sa ki dwat. 25 Lè sa a, te gen kèk moun Jerizalèm
ki t'ap di: Apa nonm y'ap chache touye a? 26 Gade l'ap
pale lib devan tout moun, yo pa di l' anyen. Gen lè chèf
nou yo rekonèt se Kris la vre li ye! 27 Men, yo toujou di
lè Kris la va rive, pesonn p'ap konnen ki bò l' soti. Men
nonm sa a, nou konnen ki bò l' soti. 28 Jezi t'ap moutre
moun yo anpil bagay nan tanp lan. Li di yo byen fò: Nou
rekonèt mwen? Nou konnen ki bò m' soti? Se pa mwen ki
fè lide pou m' vini non. Moun ki voye m' lan, li la tout bon.
Men, nou pa konnen li. 29 Mwen menm, mwen konnen l',
paske se bò kote l' mwen soti. Se li menm ki voye mwen.
30 Lè sa a, yo t'ap chache arete l', men pesonn pa t' mete
men sou li paske lè l' pa t' ankò rive. 31 Atousa, te gen
anpil moun nan foul pèp la ki te kwè nan li. Yo t'ap di: Lè
Kris la va vini, èske la fè plis mirak pase nonm sa a? 32
Farizyen yo vin konnen sa yo t'ap di nan zòrèy sou Jezi
nan pèp la. Chèf prèt yo ansanm ak farizyen yo voye kèk
gad pou arete Jezi. 33 Jezi di konsa: Se pou yon ti tan
ankò mwen la ak nou. Apre sa, mwen pral jwenn moun
ki voye m' lan. 34 N'a chache m', men nou p'ap jwenn
mwen, paske nou p'ap ka vini kote m' prale a. 35 Jwif
yo yonn t'ap mande lòt: Ki bò l' prale menm pou nou pa
kapab jwenn li? Eske li pral menm kote ak jwif ki gaye
nan mitan moun Lagrès yo pou l' moutre moun Lagrès yo
anpil bagay? 36 L'ap plede di: N'a chache m', men nou
p'ap jwenn mwen. Nou pa ka vini kote mwen prale a. Kisa
sa vle di menm? 37 Dènye jou fèt la, se li ki te pi enpòtan.
Jou sa a, Jezi kanpe devan foul moun yo, li di yo byen fò:
Si yon moun swaf dlo, li mèt vin jwenn mwen, li mèt vin
bwè. 38 Moun ki mete konfyans yo nan mwen, y'ap wè
gwo kouran dlo k'ap bay lavi koule soti nan kè yo, jan sa
ekri nan Liv la. 39 (Jezi t'ap pale ki jan moun ki kwè nan li
yo tapral resevwa Sentespri. Lè sa a, Sentespri pa t' ankò
desann sou pesonn, paske Jezi pa t' ankò moute nan syèl
la.) 40 Te gen kèk moun nan foul pèp la, lè yo fin tande
pawòl sa yo, yo t'ap di konsa: Se vre wi. Nonm sa a, se
pwofèt la! 41 Gen lòt ki t'ap di: Se Kris la. Gen lòt ankò ki
t'ap di: Men, Kris la pa ka soti nan peyi Galile. 42 Liv la di:
Kris la, se yon pitit pitit David la ye. Se Betleyèm li gen
pou l' soti, lavil kote David te pase tout lavi li a. 43 Te vin
gen divizyon nan mitan foul moun yo poutèt Jezi. 44 Gen
ladan yo ki te vle arete l', men pesonn pa t' mete men
sou li. 45 Lè gad yo tounen vin jwenn yo, chèf prèt yo ak
farizyen yo mande yo: Poukisa nou pa mennen l' ban
nou? 46 Gad yo reponn: Nou poko janm wè yon nonm ki
pale tankou nonm sa a. 47 Farizyen yo di: Gen lè nou kite
l' pran tèt nou tou? 48 Eske nou wè gen yon sèl nan chèf
nou yo osinon nan farizyen yo ki kwè nan li? 49 Moun
sa yo gen lè pa konn lalwa Moyiz la. Se moun ki gen
madichon! 50 Nikodèm te yonn nan farizyen ki te la yo.
Se menm Nikodèm sa a ki te al wè Jezi kèk jou pase. Li
di yo konsa: 51 Dapre Lalwa nou, nou pa ka jije yon moun

san nou pa tande l' anvan, san nou pa konnen sa l' fè. **52** Yo reponn li: Gen lè, ou menm tou, ou se moun Galile? Al etidye sa ki ekri nan Liv la, wa wè pa gen pwofèt ki janm soti nan peyi Galile. **53** Apre sa, tout moun al lakay yo.

8 Jezi menm ale mòn Oliv. **2** Nan denmen maten, byen bonè, li tounen nan tanp lan. Tout foul moun yo pwoche bò kote li. Li chita, li pran moutre yo anpil bagay. **3** Dirèktè lalwa yo ak farizyen yo mennen yon fanm ba li. Yo te bare fanm lan nan adiltè. Yo mete l' kanpe devan tout foul moun yo, **4** epi yo di Jezi konsa: Mèt, yo kenbe fanm sa a nan men ap fè adiltè. **5** Moyiz te bay lòd nan lalwa a pou yo touye yo lè konsa ak kout wòch. Men, ou menm, kisa ou di nan sa? **6** Yo t'ap di sa, paske yo te vle pran l' nan pèlen pou yo te ka akize li. Men, Jezi bese atè. Epi, avèk dwèt li, li kòmanse ekri atè a. **7** Men, moun yo t'ap kouvri l' ak keksyon. Jezi leve atè a, li di yo: Se pou moun ki konnen li pa janm peche a ba l' premye kout wòch la. **8** Apre sa, li bese atè a yon dezyèm fwa, li pran ekri ankò. **9** Lè yo tande pawòl sa yo, yonn apre lòt y' al fè wout yo. Premye moun ki te mete deyò se te sak te pi granmoun yo. Jezi rete pou kont li ak fanm lan ki te kanpe devan l'. **10** Lè sa a, li leve, li di fanm lan: Madanm, kote moun yo? Pesonn pa kondannen ou? **11** Li reponn: Pesonn non, Mèt. Jezi di li: Mwen menm tou, mwen pa kondannen ou. Ou mèt ale. Men, pa janm fè peche ankò. **12** Jezi pale ankò ak foul moun yo, li di: Se mwen menm ki limyè k'ap klere tout moun ki sou latè. Moun ki swiv mwen va gen limyè ki bay lavi a. Yo p'ap janm mache nan fènwa. **13** Farizyen yo di li: Apa w'ap pale tèt pa ou byen? Sa w'ap di la a pa gen valè. **14** Jezi reponn yo: Menm si mwen t'ap pale tèt mwen byen, sa m'ap di a se verite, paske mwen konnen ki bò m' soti, mwen konnen ki bò m' prale. Men, nou menm, nou pa konnen ni ki bò m' soti, ni ki bò m' prale. **15** Nou menm, n'ap jije tankou lèzòm jije. Men, mwen menm mwen pa jije pesonn. **16** Mentou, si yon lè mwen gen pou m' jije, m'ap jije byen dapre verite a, paske mwen p'ap jije pou kont mwen. Papa ki voye m' lan ap la avèk mwen. **17** Nou jwenn sa ekri nan Lalwa nou an tou: Lè de temwen fè menm depozisyon an, sa yo di a vre. **18** Mwen sèvi temwen pou tèt pa m'; Papa a ki voye m' lan sèvi m' temwen tou. **19** Yo mande li: Kote papa ou? Jezi reponn yo: Nou pa konnen mwen, nou pa konn Papa mwen. Si nou te konnen m', nou ta konnen Papa m' tou. **20** Jezi te nan tanp lan, kote yo mete bwat pou fè ofrann yo. Se la li t'ap di yo tout pawòl sa yo, li t'ap moutre moun yo anpil lòt bagay ankò. Men, pesonn pa t' mete men sou li, paske lè l' pa t' ankò rive. **21** Jezi di yo ankò: Mwen pral fè wout mwen. N'a chache m', men n'a mouri nan peche nou yo. Nou pa ka ale kote m' prale a. **22** Jwif yo yonn di lòt: Gen lè li pral touye tèt li? Tande sa l'ap di: Nou pa ka ale kote l' prale a. **23** Jezi reponn yo: Nou soti anba, mwen menm mwen soti anwo. Nou se moun tè sa a, mwen menm mwen pa moun tè sa a. **24** Se poutèt sa mwen di nou, n'ap mouri nan peche nou. Wi, nou gen pou n' mouri nan peche nou si nou pa kwè mwen se moun mwen ye a. **25** Yo mande li: Ki moun ou ye? Jezi reponn yo: Sa m' te di nou depi nan konmansman an. **26** Mwen gen anpil bagay pou m' di sou nou, anpil bagay menm pou m' jije nan nou. Men, moun ki voye m' lan, se verite ase li di. Se sèlman sa m' pran nan bouch li m'ap anonse bay lèzòm ki sou latè. **27** Yo pa t' konprann se sou Papa a li t'ap pale yo. **28** Jezi di yo ankò: Lè n'a leve Moun Bondye voye nan lachè a byen wo, n'a konnen se mwen menmm ki li menm. Lè sa a, n'a konnen mwen pa fè anyen pou kont mwen. Se sèlman sa Papa a moutre m' mwen di. **29** Moun ki voye m' lan la avèk mwen. Li pa kite m' pou kont mwen paske mwen toujou fè sak fè l' plezi. **30** Anpil moun ki te tande Jezi pale konsa te kwè nan li. **31** Jezi di jwif ki te kwè nan li yo: Si nou kenbe pawòl mwen yo nan kè nou, nou se disip mwen vre. **32** N'a konnen verite a, lè sa a verite a va ban nou libète nou. **33** Yo di li: Nou se pitit pitit Abraram. Nou pa janm esklav pesonn. Ki jan ou ka fè di nou: N'a gen libète nou? **34** Jezi reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Tout moun ki fè peche, se esklav peche yo ye. **35** Yon esklav pa fè pati moun kay la pou tout tan. Men, yon pitit fè pati moun kay la pou tout tan. **(aiōn g165)** **36** Si Pitit Bondye a ban nou libète, n'a lib tout bon. **37** Wi, mwen konnen se pitit pitit Abraram nou ye vre. Men, n'ap chache touye m' paske nou pa asepte sa m'ap moutre nou. **38** M'ap di nou sa Papa m' moutre mwen. Men nou menm, n'ap fè sa papa pa nou di nou fè. **39** Yo reponn li: Men, papa nou se Abraram. Jezi di yo: Si nou te pitit Abraram tout bon, nou ta fè sa li menm li te fè. **40** Gade koulye a, m'ap di nou verite a jan Bondye te moutre m' li, atousa n'ap chache touye mwen. Abraram pa janm fè bagay konsa. **41** Men nou menm, n'ap fè sa papa nou ap fè. Yo reponn li: Nou pa pitit deyò non. Nou gen yon sèl papa, se Bondye. **42** Jezi di yo: Si Bondye te papa nou vre, nou ta renmen mwen. Paske, mwen soti bò kot Bondye. Se li menm ki voye m' isit la. Mwen pa vini pou kont mwen. Se li menm menm ki voye mwen. **43** Poukisa nou pa konprann sa m'ap di nou la a? Paske nou pa kapab tande pawòl mwen yo. **44** Se Satan ki papa nou. Se sak fè nou vle fè sa papa nou vle. Depi nan konmansman se sa ase l'ap fè: touye moun. Li pa janm pran pozisyon pou verite a paske pa gen verite menm nan li. Depi l' louvri bouch li, se manti l'ap bay paske sè mantò li ye. Se papa nan bay manti li ye. **45** Men mwen menm, mwen pale verite a. Se poutèt sa nou pa vle kwè mwen. **46** Kilès nan nou ki ka bay prèv mwen fè peche? Si sa m' di a se vre, poukisa nou pa kwè mwen? **47** Tout moun ki moun Bondye, yo koute pawòl Bondye. Men nou menm, nou pa moun Bondye. Se sak fè nou pa vle koute. **48** Jwif yo reponn li: Nou te gen rezon lè n' t'ap di se moun Samari ou ye. Ou gen yon move lespri sou ou. **49** Jezi di yo: Mwen pa gen okenn move lespri sou mwen. M'ap fè respe Papa mwen. Men nou menm, se derespekte n'ap derespekte mwen. **50** Mwen p'ap chache lwanj pou tèt pa mwen. Gen yon moun k'ap chache l' pou

mwen. Se li menm tou k'ap jije nou. **51** Sa m'ap di nou la
a, se vre wi: moun ki fè tou sa mwen di l' fè, li p'ap janm
mouri. **(aiōn g165)** **52** Jwif yo di li: Koulye a, nou sèten ou
gen yon move lespri sou ou. Abraram mouri. Pwofèt yo
mouri tou. Epi ou menm, w'ap di: O wi, moun ki fè tou sa
m' di l' fè, li p'ap janm mouri. **(aiōn g165)** **53** Abraram ki
Abraram zansèt nou, li mouri. Koulye a, ou prèt pou di
nou ou pi gran pase li? Pwofèt ki pwofèt yo mouri. Sa ou
konprann ou ye menm? **54** Jezi reponn yo: Si m' t'ap fè
lwanj tèt mwen, lwanj sa a pa ta vo anyen. Moun k'ap fè
lwanj mwen se Papa m', moun nou pretann di ki Bondye
nou an. **55** Nou pa konnen li. Men mwen menm, mwen
konnen li. Si pou m' ta di mwen pa konnen li, mwen ta bay
manti tankou nou. Men, mwen konnen l' epi m'ap fè tou
sa li di m' fè. **56** Abraram papa nou te kontan, paske li te
anvi wè jou m' lan rive. Li wè li. Sa te fè kè l' kontan nèt.
57 Jwif yo di li: Ou poko gen senkantan, epi w'ap di ou te
wè Abraram? **58** Jezi reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se
vre wi: Abraram pa t' ankò fèt, mwen menm, mwen te la
deja. **59** Lè sa a, yo ranmase wòch pou kalonnen li. Men,
Jezi kache kò l' yon kote epi li soti nan tanp lan.

9 Jezi t'ap pase yon kote konsa lè l' wè yon nonm ki te
avèg depi li te fèt. **2** Disip li yo mande li: Mèt, poukisa
nonm sa a te fèt tou avèg en? Se peche pa l' osinon
peche manman l' ak papa l' ki lakòz sa? **3** Jezi reponn
yo: Se pa ni peche pa l' ni peche manman l' ak papa l'
ki lakòz sa. Li fèt avèg, se pou moun ka wè sa pouvwa
Bondye a ka fè nan li. **4** Toutotan fè klè toujou, se pou m'
fè travay moun ki voye m' lan ban m' fè a. Talè konsa pral
fè nwit, pesonn p'ap ka travay. **5** Toutotan mwen la sou
latè, mwen se limyè k'ap klere tout moun ki sou latè. **6**
Apre li fin di pawòl sa yo, Jezi krache atè, li fè yon ti labou
ak krache a, li fwote je nonm lan avèk labou a. **7** Li di l'
konsa: Al lave figi ou nan gwo basen Siloe a. (Mo Siloe sa
a vle di: Moun yo te voye a.) Avèg la ale, li lave figi li. Lè l'
tounen, li te ka wè nan tou de je l' yo. **8** Moun ki te rete
bò lakay li yo ansanm ak tout moun ki te konn wè l' ap
mande charite anvan sa, yo tout t'ap di: Apa nonm ki te
konn chita ap mande charite a! **9** Gen moun ki t'ap di: Se
li menm wi. Gen lòt ki t'ap di tou: Non. Se pa li. Men, li
sanble l' anpil. Lè sa a nonm lan di yo: Se mwen menm
menm. **10** Yo mande li: Ki jan ou fè wè nan je ou yo?
11 Li reponn yo: Nonm yo rele Jezi a fè yon ti labou, li
fwote je m' ak labou a, epi li di m' al lave figi m' nan basen
Siloe a. m' ale. Lè m' fin lave figi m', mwen wè m' wè. **12**
Yo mande li: Kote nonm sa a? Li reponn yo: Mwen pa
konnen non. **13** Yo pran nonm ki te avèg la, yo mennen l'
bay farizyen yo. **14** Se te yon jou repo Jezi te fè labou a
pou louvri je l' yo. **15** Se poutèt sa, farizyen yo tou, yo
mande nonm lan sak te pase ki te fè l' ka wè koulye a. Li
di yo: Li mete ti kras labou sou je m' yo, lèfini mwen lave
figi mwen. Se konsa, koulye a mwen wè. **16** Te gen de
twa nan farizyen yo ki t'ap di: Nonm ki fè sa a pa ka soti
nan Bondye. Li pa obeyi lalwa repo a. Men, gen lòt ki t'ap
di: Ki jan yon nonm k'ap fè sa ki mal kapab fè yon mirak
konsa? Te vin gen divizyon nan mitan yo. **17** Farizyen yo
mande nonm ki te avèg la: Ou menm, dapre ou, nonm ki
louvri je ou yo, ki moun li ye? Li reponn: Se yon pwofèt li
ye. **18** Men, jwif yo pa t' vle kwè li te avèg anvan sa. Yo fè
chache papa l' ak manman l' pou poze yo kekzyon. **19** Yo
mande yo: Eske nonm sa a se pitit gason nou an vre?
Eske se vre li te fèt avèg? Sak pase l' ki fè li wè koulye
a? **20** Papa a ak manman an reponn yo: Nou konnen
se pitit gason nou li ye, li te fèt avèg. **21** Men, nou pa
konnen sak pase l' ki fè l' wè koulye a. Nou pa konnen
tou ki moun ki louvri je li. Nou mèt mande li. li ase gran
konsa. Li ka reponn li menm. **22** Papa a ak manman an
te pale konsa paske yo te pè jwif yo. Paske, jwif yo te
tonbe dakò sou pwen sa a: Tout moun ki ta di Jezi se Kris
la, yo t'ap mete yo deyò nan sinagòg la. **23** Se poutèt
sa papa l' ak manman l' te di: li ase gran, li ka reponn li
menm. Nou mèt mande li. **24** Farizyen yo rele nonm ki
te avèg la yon dezyèm fwa. Yo di li: Di verite a devan
Bondye. Nou konnen nonm sa a se yon nonm k'ap fè sa
ki mal. **25** Li reponn yo: Mwen pa konnen si se yon moun
k'ap fè sa ki mal osinon sa ki byen. Yon sèl bagay mwen
konnen: mwen te avèg, koulye a mwen wè. **26** Yo mande
li: Men, kisa l' te fè? Ki jan l' te fè pou louvri je ou yo? **27**
Li reponn yo: Mwen deja di nou ki jan, men nou pa t'ap
koute. Poukisa nou vle m' redi l' ankò? Gen lè, nou menm
tou, nou ta renmen tounen disip li? **28** Yo joure l', yo di l'
konsa: Se ou menm ki disip li! Nou menm, nou se disip
Moyiz. **29** Nou konnen Bondye te pale ak Moyiz. Men, li
menm, nou pa menm konnen ki bò l' soti. **30** Nonm lan
reponn yo: Ala bagay dwòl en! Nou pa konnen ki bò l'
soti? Epi, se li menm ki louvri je m' yo! **31** Nou tout nou
konnen sa: Bondye pa tande lè se yon moun k'ap fè sa
ki mal ki pale avè li. Men, se pa menm bagay lè se yon
moun ki respekte l', yon moun ki fè volonte l' k'ap pale avè
li. **32** Nou poko janm tande yo fè yon moun ki fèt avèg wè.
(aiōn g165) **33** Si nonm sa a pa t' soti nan Bondye, li pa ta
ka fè anyen. **34** Yo reponn li: Se nan peche ou fèt, epi
ou konprann pou ou vin ban nou leson koulye a? Epi yo
mete l' deyò nan sinagòg la. **35** Jezi te vin konnen yo te
mete nonm ki te avèg la deyò nan sinagòg la. Lè li kontre
avè l', li di l' konsa: Eske ou kwè nan Moun Bondye voye
nan lachè a? **36** Nonm lan reponn li: Mèt, di m' ki moun li
ye pou m' ka kwè nan li? **37** Jezi reponn li: Apa w'ap gade
li! Se li menm k'ap pale avè ou la a wi. **38** Nonm lan di:
Seyè, mwen kwè. Epi li tonbe ajenou devan Jezi. **39** Lè
sa a, Jezi di: Mwen vin sou tè a pou yon jijman: Moun ki
avèg yo pral wè. Men moun ki wè yo pral tounen avèg.
40 Te gen kèk farizyen la avèk li. Lè yo tande pawòl sa
yo, yo mande l': Eske nou menm tou, nou avèg? **41** Jezi
reponn yo: Si nou te avèg, nou pa ta koupab. Men, n'ap
plede di nou wè, nou wè. Se poutèt sa nou antò toujou.

10 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Moun ki pa pase
nan pòt la pou antre nan pak mouton an, men ki
eskalade lantouraj la pou antre nan pak la yon lòt kote,
moun sa a se yon vòlè, yon piyajè. **2** Men, moun ki pase

nan pòt la, se gadò mouton yo li ye. **3** Moun k'ap veye
pòt la louvri l' pou li. Tout mouton yo rekonèt vwa li. Li
rele tout mouton l' yo, li ba yo chak non yo, li mennen yo
deyò. **4** Lè li fin fè yo tout soti, li mache devan yo; tout
mouton yo swiv li paske yo konnen vwa li. **5** Men, yo
p'ap swiv yon moun yo pa konnen. Okontrè, y'ap kouri
byen lwen pou li paske yo pa rekonèt vwa li. **6** Jezi di yo
paraboL sa a, men yo pa t' konprann sa l' te vle di yo. **7**
Jezi di yo ankò: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Mwen
se pòt pak mouton yo. **8** Tout moun ki te vin anvan m'
yo, se yon bann vòlè ak piyajè yo te ye. Men, mouton
yo pa t' koute yo. **9** Se mwen menm ki pòt la. Moun ki
pase nan mwen pou antre, la sove. La antre, la soti, la
jwenn manje pou l' manje. **10** Lè vòlè a vini, se vòlò li
vin vòlò, se touye li vin touye, se detwi li vin detwi, se sa
ase li vin fè. Mwen menm, mwen vin pou moun ka gen
lavi, epi pou yo genyen l' an kantite. **11** Se mwen menm
ki bon gadò mouton yo. Bon gadò a ap bay lavi l' pou
mouton l' yo. **12** Yon nonm k'ap fè yon djòb, se pa yon
gadò li ye. Mouton yo pa pou li. Lè l' wè bèt nan bwa ap
vini, li kouri kite mouton yo, li met deyò. Lèkonsa, bèt nan
bwa a pran mouton yo pote ale, li gaye yo. **13** Nonm lan
met deyò paske se yon djòb l'ap fè. Ki mele l' ak mouton
yo? **14** -(we vèsè pwochen) **15** Mwen menm, mwen se
gadò mouton yo. Papa a konnen m', mwen konn Papa a.
Konsa tou, mwen konnen mouton m' yo. Yo menm tou yo
konnen mwen. **16** Mwen gen anpil lòt mouton ki pa nan
pak sa a. Mwen gen pou m' mennen yo tou. Y'a tande
vwa mwen. Lè sa a, va gen yon sèl bann mouton ak yon
sèl gadò. **17** Papa a renmen m', paske m'ap bay lavi m'
pou m' ka resevwa l' ankò. **18** Pesonn pa ka wete lavi
m', se mwen menm ki bay li paske mwen vle. Mwen gen
pouvwa pou m' bay li, mwen gen pouvwa pou m' resevwa
l' ankò. Se sa menm Papa a te ban m' lòd fè. **19** Te vin
gen yon lòt kont nan mitan jwif yo sou pawòl sa yo. **20**
Anpil jwif t'ap di: Li gen yon move lespri sou li! Li fou! Sa
n' bezwen pèdi tan n' ap koute yon nonm konsa fè? **21**
Gen lòt ki t'ap di: Yon moun ki gen move lespri sou li pa
ta pale konsa. Eske move lespri kapab louvri je avèg?
22 Se te nan mitan sezon fredi. Yo t'ap fete fèt Dedikas
la nan lavil Jerizalèm. **23** Jezi t'ap ale vini anba Galeri
Salomon an nan tanp lan. **24** Jwif yo sanble bò kote l', yo
di l' konsa: Kilè wa wete nou nan doutans sa a? Si ou se
Kris la, di nou sa kare kare. **25** Jezi reponn yo: Mwen deja
di nou sa, nou pa vle kwè mwen. Bagay m'ap fè yo, se
avèk otorite Papa m' m'ap fè yo. Yo pale pou mwen. **26**
Men, nou pa kwè paske nou pa fè pati mouton m' yo.
27 Mouton m' yo koute vwa m', mwen konnen yo epi yo
swiv mwen. **28** Mwen ba yo lavi ki p'ap janm fini an. Yo
p'ap janm peri, pesonn p'ap janmn ka rache yo nan men
mwen. **(aiōn g165, aiōnios g166)** **29** Sa Papa m' ban mwen
an pi gran pase tout. Pesonn pa ka rache anyen ki nan
men Papa a. **30** Mwen menm ak Papa m', nou fè yon sèl.
31 Jwif yo ranmase wòch pou kalonnen li. **32** Lè sa a, Jezi
di yo: Avèk pouvwa Papa a mwen fè anpil bon bagay
nan mitan nou. Manyè di m' pou kilès ladan yo nou vle
touye m' ak kout wòch la? **33** Jwif yo reponn li: Se pa
pou okenn bon bagay nou vle touye ou ak kout wòch.
Men, se paske w'ap pale mal sou Bondye. Se moun ou
ye, epi w'ap chache pase pou Bondye. **34** Jezi reponn
yo: Dapre sa ki ekri nan lalwa nou an, Bondye te di: Se
bondye nou ye. **35** Nou konnen sa Liv la di, li di l' nèt.
Tout moun ki resevwa pawòl Bondye, se bondye yo ye.
36 Mwen menm menm, se Bondye ki te mete m' apa pou
li, se li ki voye m' sou latè. Ki jan nou ka di m'ap pale
Bondye mal lè m' di se pitit Bondye mwen ye? **37** Si m'
pa fè travay Papa m' ban m' fè a, nou pa bezwen kwè
mwen. **38** Men, si mwen fè l', menm si nou pa ta vle kwè
nan mwen, omwens kwè nan travay m'ap fè a. Konsa,
nou ta tou konnen Papa a nan mwen, mwen nan Papa a.
39 Yo t'ap chache ankò pou yo te arete l', men li chape
anba men yo. **40** Jezi tounen ankò lòt bò larivyè Jouden
kote Jan te konn batize a. Li rete la. **41** Anpil moun te vin
jwenn li. Yo t'ap di: Jan pa t' fè okenn mirak, men tou sa li
te di nou sou nonm sa a, se te vre wi. **42** Anpil moun la te
kwè nan Jezi.

11 Te gen yon nonm yo te rele Laza ki tonbe malad. Li
te rete Betani, yon ti bouk kote Mari t'ap viv ansanm
ak Mat, sè l' la. **2** (Mari sa a, se te fanm ki te vide odè sou
pye Seyè a, epi ki te siye yo ak cheve li. Laza, nonm ki
te malad la, se te frè li.) **3** De sè yo voye yon moun bò
kot Jezi pou di li: Seyè, zanmi ou lan malad. **4** Lè Jezi
tande nouvèl la, li di: Maladi Laza a p'ap touye li. Tou sa
rive pou fè moun wè pouvwa Bondye. Se ak maladi sa a
Bondye pral fè wè pouvwa Pitit li a. **5** Jezi te renmen
Mat, Mari, sè l' la, ansanm ak Laza. **6** Apre li fin pran
nouvèl maladi Laza a, li rete de jou ankò kote l' te ye a. **7**
Apre sa, li di disip li yo: Ann tounen nan Jide. **8** Disip li yo
reponn li: Mèt, pa gen lontan jwif yo t'ap chache touye ou
ak kout wòch, epi koulye a ou vle tounen laba a ankò? **9**
Jezi di yo: Gen douzè de tan nan yon jounen, pa vre? Si
yon moun ap mache lajounen, li p'ap bite, paske li wè
limyè k'ap klere tè a. **10** Men, si yon moun ap mache
lannwit, l'ap kase pye l', paske li pa gen limyè nan li. **11**
Lè Jezi fin di yo sa, li di ankò: Laza, zanmi nou an, ap
dòmi. Mwen pral leve li. **12** Disip yo reponn li: Mèt, si l'ap
dòmi, li pral geri. **13** Jezi te vle di yo Laza te mouri, men
disip yo te konprann se dòmi Laza t'ap dòmi tankou tout
moun konn fè. **14** Lè sa a, Jezi di yo klè: Laza mouri. **15**
Poutèt nou, mwen byen kontan mwen pa t' la. Konsa n'a
kwè. Ann al jwenn li. **16** Lè sa a, Toma (yo te rele Jimo a)
di lòt disip yo: Ann ale tou ansanm ak Mèt la pou n' ka
mouri ansanm avè li. **17** Lè Jezi rive, li jwenn Laza te gen
tan antere depi kat jou. **18** Betani te yon ti bouk toupre
lavil Jerizalèm, twa kilomèt konsa, pa plis. **19** Anpil jwif te
vin lakay Mat ak Mari pou konsole yo ak lanmò frè yo a.
20 Lè Mat vin konnen Jezi t'ap vini, li pati, li al kontre li.
Men, Mari te rete chita nan kay la. **21** Mat di Jezi konsa:
Mèt, si ou te la, frè m' lan pa ta mouri non. **22** Men, mwen
konn sa: menm koulye a, Bondye va ba ou nenpòt kisa ou

mande li. 23 Jezi di li: Frè ou la va leve vivan ankò. 24
Mat reponn li: Wi, mwen konn sa. Li gen pou l' leve vivan
ankò nan dènye jou a, lè tout moun mouri yo va leve.
25 Jezi di li: Se mwen menm ki leve moun mouri yo, se
mwen menm ki bay lavi. Moun ki mete konfyans yo nan
mwen, yo gen pou yo viv menm si yo rive mouri. 26 Moun
k'ap viv, epi ki mete konfyans yo nan mwen, yo p'ap janm
mouri. Eske ou kwè sa? (aiōn g165) 27 Mat reponn li: Wi,
Seyè, mwen kwè ou se Kris la, Pitit Bondye. Ou se moun
ki te gen pou vini sou latè a. 28 Lè Mat fin di sa, l' al rele
Mari, sè l' la, li di l' nan zòrèy: Mèt la la wi. Li mande pou
ou vin jwenn li. 29 Tande Mari tande sa, li leve, li kouri al
jwenn Jezi. 30 (Jezi pa t' ankò antre nan bouk la. Li te
rete kote Mat te kontre l' la.) 31 Jwif yo ki te nan kay la
avèk Mari pou konsole l', lè yo wè l' leve soti, yo swiv li.
Yo te konprann li tapral kriye bò kavo a. 32 Lè Mari rive
kote Jezi te ye a, wè li wè l', li lage kò l' atè nan pye l', li di
l' konsa: Seyè, si ou te la, frè m' lan pa ta mouri. 33 Jezi
wè jan li t'ap kriye ansanm ak jwif yo ki te vin avè l' yo, sa
te fè l' mal anpil, kè l' t'ap fann. 34 Li mande yo: Ki bò nou
antere li? Yo reponn li: Seyè, vin wè non. 35 Jezi kriye. 36
Lè sa a, jwif yo di: Gade jan li te renmen l' non! 37 Men,
te gen kèk nan yo ki t'ap di: Li menm ki louvri je avèg yo,
li pa t' kapab anpeche Laza mouri? 38 Sa te fè Jezi pi mal
ankò. li al bò kavo a. Se te yon gwòt avèk yon wòch yo te
mete devan bouch li. 39 Jezi di yo: Wete wòch la. Mat, sè
mò a, di l' konsa: Seyè, li dwe kòmanse santi deja, sa fè
kat jou depi l' nan kavo a. 40 Jezi reponn li: Mwen pa deja
di ou: Si ou kwè, wa wè pouvwa Bondye? 41 Se konsa,
yo wete wòch la. Jezi leve je l' anlè nan syèl la, li di: Mèsi,
Papa, dèske ou te tande mwen. 42 Mwen menm, mwen
konnen ou toujou tande m', men se poutèt moun sa yo ki
bò kote m' lan m'ap di ou sa, pou yo sa kwè se ou menm
ki voye mwen. 43 Lè l' fin di pawòl sa yo, li rele byen
fò: Laza, soti deyò! 44 Mò a soti, de pye l' ak de men l'
yo tou mare ak bann twal, figi l' tou vlope nan yon moso
twal. Jezi di yo: Demare l' non, kite l' ale. 45 Nan jwif ki te
vin kay Mari yo epi ki te wè sa Jezi te fè a, anpil te kwè
nan li. 46 Men, gen ladan yo ki al jwenn farizyen yo. Yo
rakonte yo sa Jezi te fè. 47 Farizyen yo menm ansanm
ak chèf prèt yo reyini Gran Konsèy la. Yo mande: Kisa
n'ap fè? Nonm sa a ap fè anpil mirak. 48 Si nou pa fè l'
sispann, tout moun pral kwè nan li. Talè konsa, otorite
women yo va antre nan koze a, y'a detwi ni tanp nou an
ni peyi nou an. 49 Te gen yonn ladan yo ki te rele Kayif.
Se li menm ki te granprèt pou lanne a. Li di yo: Gen lè
nou pa konprann anyen! 50 Nou pa wè li pi bon pou nou
si yon sèl moun mouri pou pèp la. Konsa tout peyi a va
sove. 51 (Kayif pa te di sa konsa non. Men, li te granprèt
pou lanne a, konsa li t'ap fè konnen davans ki jan Jezi te
dwe mouri pou tout jwif ki nan peyi a. 52 Epi, pa sèlman
pou jwif yo, men tou pou l' te sanble tout pitit Bondye ki
gaye yo nan yon sèl kò.) 53 Se depi jou sa a otorite jwif
yo pran desizyon pou yo touye Jezi. 54 Se poutèt sa tou
Jezi te sispann fè ale vini nan mitan jwif yo an piblik. Li
mete kò l' yon kote toupre dezè a, nan yon vil yo rele
Efrayim. Se la li te rete ak disip li yo. 55 Fèt Delivrans jwif
yo te prèt pou rive. Anpil moun soti toupatou nan peyi a,
yo moute Jerizalèm anvan fèt la pou yo te ka fè sèvis
pou mete yo nan kondisyon pou yo sèvi Bondye. 56 Yo
t'ap chache Jezi. Antan yo tout te nan tanp lan, yonn t'ap
mande lòt: Sa nou di? Ou kwè l'ap vin nan fèt la? 57 Chèf
prèt yo ansanm ak farizyen yo te bay lòd sa a: Si yon
moun te konnen kote Jezi te ye, se pou l' fè yo konnen
pou yo ka arete li.

12 Sis jou anvan fèt Delivrans jwif yo, Jezi tounen
Betani kote Laza te rete a. Laza se nonm li te fè
leve soti vivan nan lanmò a. 2 Antan l' te la, yo ofri l'
manje. Se Mat ki t'ap sèvi manje a. Laza menm te pami
moun ki te chita bò tab la avèk Jezi. 3 Lè sa a, Mari pran
yon boutèy demi lit plen yon odè ki fèt ak yon fèy yo rele
na. Odè sa a te vann byen chè. Li vide tout odè a sou pye
Jezi. Apre sa, li siye yo ak cheve li. Tout kay la te plen
sant odè a. 4 Yonn nan disip Jezi yo, sa ki tapral trayi l' la,
Jida Iskariòt, di konsa: 5 Poukisa yo pa t' vann odè sa a
pou twasan (300) goud? Yo ta bay pòv lajan sa a. 6 Li
pa t' di sa paske li te vle fè kichòy vre pou pòv yo, men
paske se vòlè li te ye. Se li ki te kenbe kès lajan an, li te
konn pran nan sa yo te mete ladan li. 7 Men, Jezi di li:
Kite l' an repo! Kite l' konsève odè sa a pou jou y'a mete
kò m' nan kavo a. 8 Kanta pòv yo, n'a toujou genyen yo
avè nou. Men mwen menm, nou p'ap genyen m' tout tan.
9 Yon gwo foul moun vin konnen Jezi te Betani. Y' ale
Betani, pa sèlman poutèt Jezi, mentou pou wè Laza Jezi
te fè leve soti vivan nan lanmò a. 10 Lè sa a, chèf prèt yo
pran desizyon pou yo touye Laza tou, 11 paske, poutèt li,
anpil jwif t'ap vire do ba yo, yo t'ap kwè nan Jezi. 12 Nan
denmen, tout foul moun ki te vini pou fèt Delivrans jwif yo
te vin konnen Jezi t'ap rive lavil Jerizalèm. 13 Lè sa a, yo
koupe fèy palmis, yo soti al kontre li. Yo t'ap plede rele:
Lwanj pou Bondye. benediksyon pou moun ki vini nan
non Mèt la! Wi, benediksyon pou Wa pèp Izrayèl la. 14
Jezi te jwenn yon ti bourik. Li moute chita sou li, jan sa te
ekri nan Liv la: 15 Nou pa bezwen pè, nou menm ki nan
lavil Siyon an. Gade, men wa nou an ap vini: Li moute
yon jenn ti bourik. 16 Disip yo pa t' konprann bagay sa yo
lamenm. Men, se jouk apre, lè Jezi te fin moute nan syèl
la, yo vin chonje tout bagay sa yo te ekri davans nan Liv
la, epi se sa menm ki te rive lè moun yo te fè sa pou li. 17
Te gen anpil moun ki te la avèk Jezi lè l' te rele Laza pou l'
te fè l' soti nan kavo a, lè l' te fè l' leve soti vivan nan
lanmò a. Yo tout t'ap rakonte sa yo te wè. 18 Se konsa,
foul moun yo te vin konnen li te fè mirak sa a. Se poutèt
sa yo te vin kontre li. 19 Farizyen yo menm, yonn t'ap di
lòt: Nou wè. Nou pa ka fè anyen pou anpeche sa. Gade
jan tout moun ap swiv li! 20 Te gen kèk moun peyi Lagrès
nan moun ki te vin Jerizalèm pou adore pandan fèt la. 21
Y' al jwenn Filip (ki te moun Betsayda nan peyi Galile), yo
di l' konsa: Msye, nou ta renmen wè Jezi. 22 Filip al di

Andre sa. Epi yo tou de al di Jezi sa. **23** Jezi reponn yo:
Koulye a, lè a rive pou Moun Bondye voye nan lachè a
resevwa lwanj ki pou li a. **24** Sa m'ap di nou la a, se vre
wi: Yon grenn mayi ap rete pou kont li toutotan li pa tonbe
atè pou l' mouri. Men tou, si l' mouri, l'ap bay anpil grenn.
25 Moun ki renmen lavi l' ap pèdi li. Men moun ki rayi lavi
li pandan l' sou latè a, l'ap konsève l' pou lavi ki p'ap janm
fini an. **(aiōnios g166)** **26** Si yon moun ap sèvi m', se pou l'
swiv mwen tou. Konsa, tout kote m'a ye, sèvitè mwen va
la tou. Papa m' va leve tèt tout moun k'ap sèvi mwen. **27**
Men koulye a, kè m' boulvèse. Mwen pa konn sa pou m'
di. Mwen ta di: Papa, delivre m' anba sa ki pral rive koulye
a. Men, se pou sa menm mwen vini, pou m' pase tan
soufrans sa a. **28** Papa o, fè wè pouvwa ou non! Lè sa
a, yon vwa soti nan syèl la, li di: Mwen fè wè pouvwa
non mwen deja. M'ap fè wè l' ankò. **29** Foul moun ki te
la yo tande vwa a. Yo t'ap di: Se yon kout loraj! Gen lòt
ki t'ap di: Se yon zanj Bondye ki pale avèk li. **30** Men,
Jezi di yo: Se pa pou mwen non vwa a pale, se pou nou
menm pou nou ka tande. **31** Koulye a, lè a rive pou yo jije
moun ki sou tè sa a. Koulye a, yo pral mete chèf k'ap
dominen lemonn lan deyò. **32** Men mwen menm, lè y'a
leve m' anlè sou tè a, mwen gen pou m' rale tout moun
vin jwenn mwen. **33** (Lè l' di sa, li t'ap moutre yo ki jan li
tapral mouri.) **34** Foul moun yo reponn li: Nan Liv lalwa
nou an, nou wè Kris la gen pou l' viv pou tout tan. Ki jan
ou ka di se pou yo leve Moun Bondye voye nan lachè a
anlè? Kilès ki Moun Bondye voye nan lachè a? **(aiōn g165)**
35 Jezi reponn yo: Nou gen limyè a la avè nou, men pa
pou lontan. Mache pandan nou gen limyè a pou fènwa pa
bare nou. Moun k'ap mache nan fènwa pa konnen kote l'
prale. **36** Mete konfyans nou nan limyè a pandan nou
genyen l' lan, pou nou kapab moun limyè a. Apre li fin di
yo pawòl sa yo, Jezi wete kò l', li al kache byen lwen.
37 Atout li te fè tout mirak sa yo devan yo, yo pa t' kwè
nan li. **38** Se konsa, pawòl pwofèt Ezayi te di a rive vre:
Bondye, kilès ki te kwè mesaj nou te bay la? Ki moun ki te
rekonet travay Bondye a nan sa ki rive a? **39** Non. Yo pa
t' kapab kwè, paske men sa Ezayi te di ankò: **40** Bondye
bouche tou de je yo. li fèmen lespri yo, pou yo pa wè
nan je yo, pou yo pa konprann ak lespri yo, pou yo pa
tounen vin jwenn mwen pou m' ta geri yo. **41** Ezayi te
di sa paske li te wè pouvwa Jezi, epi li pale sou li. **42**
Malgre sa, menm pami chèf jwif yo, anpil moun te kwè
nan Jezi. Men, akòz farizyen yo, yo pa t' kite moun wè
sa pou yo pa t' mete yo deyò nan sinagòg la. **43** Yo te
pito lwanj ki soti nan men lèzòm pase lwanj ki soti nan
men Bondye. **44** Jezi pale byen fò, li di: Moun ki kwè nan
mwen, se pa nan mwen sèlman li kwè, men li kwè nan
moun ki voye m' lan tou. **45** Moun ki wè m', li wè moun ki
voye m' lan tou. **46** Mwen menm, mwen se limyè sou latè.
Tout moun ki kwè nan mwen p'ap rete nan fènwa. **47** Lè
yon moun tande pawòl mwen yo, si l' pa kenbe yo, se pa
mwen k'ap kondannen li. Paske, mwen vin pou delivre
moun, mwen pa vin pou kondannen yo. **48** Men, moun ki
refize kwè nan mwen, ki pa asepte pawòl mwen yo, li
jwenn ak sa k'ap kondannen l' lan: Pawòl mwen te di yo,
se yo menm k'ap kondannen l' lè dènye jou a va rive. **49**
Se pa pawòl pa m' m'ap pale la a. Men, Papa ki voye m'
lan, se li menm ki ban m' lòd sa pou m' di ak sa pou m'
pale. **50** Mwen menm, mwen konnen tout kòmandman l'
yo bay lavi ki p'ap janm fini an. Se sak fè sa m'ap di a,
m'ap di l' jan Papa m' te ban m' lòd la. **(aiōnios g166)**

13 Se te jou anvan fèt Delivrans jwif yo. Jezi te konnen
lè a te rive pou l' te kite tè sa a, pou li al jwenn Papa
a. Li pa t' manke renmen moun pa l' yo ki te nan lemonn.
Li te renmen yo nèt ale. **2** Jezi t'ap manje ak disip li yo
jou swa sa a. Satan te gen tan pran tèt Jida, pitit gason
Simon Iskariòt la, pou l' te trayi Jezi. **3** Jezi te konnen
pou tèt pa l' li te soti nan Bondye, epi li t'ap tounen jwenn
Bondye ankò. Li te konnen Papa a te ba li pouvwa sou
tout bagay. **4** Li leve sot devan tab la, li wete gwo rad li
a, li pran yon sèvyèt, li mare l' nan ren li. **5** Apre sa, li
vide dlo nan yon kivèt. Epi li kòmanse lave pye disip li yo.
Li t'ap siye yo ak sèvyèt li te mare nan ren l' lan. **6** Se
konsa, li rive sou Simon Pyè ki di l' konsa: Mèt, ou menm
ki pral lave pye mwen? **7** Jezi reponn li: Koulye a ou pa
konprann sa m'ap fè a. Men, wa konprann pita. **8** Pye
di li: Non, mwen p'ap janm kite ou lave pye mwen. Jezi
reponn li: Si m' pa lave pye ou, ou p'ap disip mwen ankò.
(aiōn g165) **9** Simon Pyè di li: Si se konsa, Mèt, se pa pye
m' ase pou ou lave. Lave men m' yo tou ansanm ak tèt
mwen. **10** Jezi di li: Lè yon moun fin benyen, tout kò l'
pwòp. Se pye l' ase ki bezwen lave. Nou menm, nou tou
pwòp, men se pa nou tout ki pwòp. **11** (Jezi te konnen ki
moun ki tapral trayi li. Se poutèt sa li te di: Se pa nou tout
ki pwòp.) **12** Lè l' fin lave pye yo tout, Jezi mete gwo rad
la sou li ankò, li tounen nan plas li bò tab la, epi li di yo:
Eske nou konprann sa m' sot fè la a? **13** Nou rele m' Mèt,
nou rele m' Seyè. Nou gen rezon, se sa m' ye vre. **14** Si
mwen menm ki Seyè, mwen menm ki Mèt, mwen lave pye
nou, konsa tou, nou menm, se pou nou yonn lave pye lòt.
15 Mwen ban nou yon egzanp pou nou ka fè menm bagay
mwen te fè pou nou an. **16** Sa m'ap di nou la a, se vre wi:
Yon domestik pa janm pi grannèg pase mèt li. Moun yo
voye a pa janm pi grannèg pase moun ki voye l' la. **17**
Koulye a nou konn bagay sa yo. benediksyon pou nou si
nou fè menm jan an tou. **18** Lè m' di sa, mwen pa pale
pou nou tout. Mwen konnen moun mwen chwazi yo. Men,
fòk sa ki te ekri nan Liv la rive vre. Moun k'ap manje nan
menm plat avè m' lan, se li menm ki trayi mwen. **19** M'ap
tou di nou sa koulye a anvan bagay sa yo rive, pou lè yo
rive vre nou ka kwè mwen se moun mwen ye a. **20** Sa
m'ap di nou la a, se vre wi: Moun ki resevwa moun mwen
voye a, li resevwa m' tou. Moun ki resevwa m', li resevwa
moun ki voye m' lan. **21** Lè Jezi fin di pawòl sa yo, li santi
kè l' te boulvèse anpil. Li di yo kareman: Sa m'ap di nou la
a, se vre wi: yonn nan nou pral trayi mwen. **22** Disip yo
menm, yonn t'ap gade lòt, yo pa t' konnen ki moun li t'ap
pale. **23** Yonn nan disip yo, sa Jezi te renmen an, te chita

kòtakòt avèk li. **24** Simon Pyè fè l' siy pou l' mande Jezi ki
moun li t'ap pale. **25** Lè sa a, disip la panche tèt li bò Jezi,
li mande li: Seyè, kilès sa a? **26** Jezi reponn li: Mwen pral
tranpe yon moso pen nan plat la: moun wa wè m'a lonje l'
bay la, se li menm. Jezi pran yon moso pen, li tranpe l', li
lonje l' bay Jida, pitit Simon Iskariòt la. **27** Pran Jida pran
moso pen an, Satan antre nan li. Jezi di li: Sa ou gen pou
fè a, fè l' vit. **28** (Pesonn sou tab la pa t' konprann poukisa
li te di l' sa. **29** Anpil te fè lide Jezi te vle di l' al achte sa
yo te bezwen pou fèt la, ou ankò te mande l' bay pòv yo
kichòy, paske se li menm ki te kenbe sak lajan an.) **30** Se
konsa, Jida pran moso pen an; lamenm li soti. Te fin fè
nwa deyò a. **31** Apre Jida fin ale, Jezi di konsa: Se koulye
a nou pral wè pouvwa Moun Bondye voye nan lachè a.
Se koulye a li pral fè nou wè pouvwa Bondye parèt nan li.
32 Si li fè nou wè pouvwa Bondye a, Bondye li menm va
fè nou wè pouvwa Pitit la. Epi l'ap fè l' talè konsa. **33**
Pitit mwen yo, mwen pa la pou lontan ankò avè nou. Ala
chache n'a chache mwen! Men, koulye a m'ap di nou sa
m' te di jwif yo deja: Nou pa kapab ale kote m' prale a. **34**
Men, m'ap ban nou yon kòmandman nouvo: Se pou nou
yonn renmen lòt. Wi, se pou nou yonn renmen lòt menm
jan mwen renmen nou an. **35** Si nou yonn renmen lòt,
lè sa a tout moun va konnen se disip mwen nou ye. **36**
Simon Pyè mande li: Seyè, ki bò ou prale? Jezi reponn li:
Kote m' prale a ou pa ka swiv mwen koulye a. Men, wa
swiv mwen pita. **37** Pyè di li: Seyè, poukisa m' pa kapab
swiv ou koulye a? Mwen tou pare pou m' bay lavi m' pou
ou. **38** Jezi reponn li: Ou kwè ou pare vre pou bay lavi ou
pou mwen? Sa m'ap di ou la a, se vre wi: Kòk p'ap ankò
chante, w'ap gen tan di ou pa janm konnen m' an twa fwa.

14 Jezi di yo: Pa kite bagay sa yo toumante nou. Mete
konfyans nou nan Bondye, mete konfyans nou nan
mwen tou. **2** Lakay Papa a gen anpil kote pou moun rete.
Mwen pral pare plas pou nou. Si se pa t' vre, mwen pa ta
di nou sa. **3** Lè m'a fin pare plas la pou nou, m'a tounen
vin chache nou. Konsa, kote m'a ye a, se la n'a ye tou. **4**
Nou konnen chemen ki mennen kote m' prale a. **5** Toma
di li: Seyè, nou pa konnen kote ou prale a. Ki jan ou ta vle
pou nou konnen chemen pou n' pran an? **6** Jezi reponn li:
Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite
a, se mwen menm ki lavi a. Pesonn pa ka al jwenn Papa
a si li pa pase nan mwen. **7** Si nou konnen m', n'a konn
Papa m' tou. Men, depi koulye a nou konnen l', nou wè
l' tou. **8** Filip di l' konsa: Seyè, moutre nou Papa a. Se
sa ase nou bezwen. **9** Jezi reponn li: Depi tout tan sa a
mwen la avè nou, Filip, ou poko konnen m' toujou? Moun
ki wè m', li wè Papa a. Ki jan ou ka fè di: Moutre m' Papa
a? **10** Gen lè ou pa kwè mwen nan Papa a? Ou pa kwè
Papa a nan mwen tou? Tout pawòl mwen di nou yo, se pa
nan mwen yo soti. Papa a ki fè yonn ak mwen an, se li
menm k'ap fè travay li. **11** Se pou nou kwè m' lè m' di nou:
Mwen nan Papa a, Papa a nan mwen tou. Osinon, se pou
nou kwè akòz sa m'ap fè a. **12** Sa m'ap di nou la a, se vre
wi: Moun ki mete konfyans li nan mwen, li gen pou l' fè tou
sa m'ap fè a. La menm rive fè pi gwo bagay toujou, paske
mwen pral jwenn Papa a. **13** Tou sa n'a mande nan non
m', m'a fè l' pou nou, pou Pitit la ka fè wè pouvwa Papa a.
14 (Nenpòt kisa n'a mande nan non m', m'a fè l' pou nou.)
15 Si nou renmen m', se pou n' obeyi kòmandman m' yo.
16 M'ap mande Papa a pou l' ban nou yon lòt moun pou
ankouraje nou, pou li ka toujou la avèk nou, se Sentespri
k'ap moutre nou verite a. **(aiōn g165)** **17** Moun k'ap viv
dapre prensip lemonn pa ka resevwa l', paske yo pa ka
wè l', ni yo pa ka konnen li. Men nou menm, nou konnen
l' paske li rete nan kè nou, paske li nan nou. **18** Mwen
p'ap kite nou pou kont nou: M'ap tounen vin jwenn nou
ankò. **19** Anvan lontan ankò, lemonn p'ap wè m', men nou
menm n'a wè mwen. Paske m'ap viv, nou menm tou n'ap
viv. **20** Lè jou sa a va rive, n'a konnen mwen nan Papa a,
nou menm nou nan mwen, epi mwen menm mwen nan
nou. **21** Moun ki asepte kòmandman m' yo, ki obeyi yo, se
moun sa a ki renmen mwen. Papa m' va renmen moun ki
renmen mwen. Mwen menm tou, m'a renmen l', epi m'a fè
l' wè mwen. **22** Jid (se pa Jida Iskariòt la non) di l' konsa:
Seyè, ki jan pou ou fè nou wè ou san pou moun k'ap viv
dapre prensip lemonn yo pa wè ou? **23** Jezi reponn li:
Moun ki renmen m', se li menm ki va fè tou sa m' di l' fè.
Papa m' va renmen l' tou. Papa m' va vin jwenn li ansanm
avè m', n'a viv nan li. **24** Moun ki pa renmen m', li p'ap fè
tou sa m' di l' fè. Tou sa nou tande m'ap di a, se pa nan
mwen yo soti, men se nan Papa m' ki voye m' lan yo soti.
25 Mwen di nou tou sa antan m' la ankò avèk nou. **26**
Moun ki pou vin ankouraje nou an, se Sentespri. Se Papa
m' k'ap voye l' nan non mwen. Sentespri sa a va moutre
nou tout bagay, la fè nou chonje tou sa m' te di nou. **27**
M'ap ban nou kè poze. M'ap fè kè nou poze nan jan pa
mwen. Mwen p'ap fè li pou nou jan sa fèt dapre prensip
ki nan lemonn. Pa kite anyen toumante tèt nou, nou pa
bezwen pè. **28** Nou tande m' di nou: Mwen prale, men
m'ap tounen vin jwenn nou. Si nou te renmen m', nou ta
kontan konnen mwen pral jwenn Papa a, paske Papa
a gen plis pouvwa pase mwen. **29** Mwen tou di nou sa
koulye a anvan bagay sa yo rive, pou lè yo rive nou ka
kwè. **30** Mwen p'ap pale anpil ankò avè nou, paske chèf
k'ap dominen lemonn lan ap vini. Li pa gen okenn pouvwa
sou mwen. **31** Men, se pou tout moun sou latè konnen
mwen renmen Papa m'. Wi, fòk yo konnen m'ap fè sa
Papa m' te ban m' lòd fè a. Leve non. Ann sot isit la.

15 Mwen se pye rezen tout bon an. Papa m' se moun
k'ap okipe pye rezen an. **2** Li koupe tout branch nan
mwen ki pa donnen. Li netwaye tout branch ki donnen
pou yo ka donnen plis toujou. **3** Nou menm, avèk tou
sa m' moutre nou yo, nou deja nan kondisyon pou n' fè
volonte Bondye. **4** Se pou n' fè yonn ak mwen, menm jan
mwen fè yonn ak nou. Yon branch pa ka donnen pou kont
li si l' pa fè yonn ak pye rezen an. Konsa tou, nou p'ap
kapab donnen si nou pa fè yonn ak mwen. **5** Mwen se
pye rezen an, nou se branch yo. Moun ki fè yonn avè m',

moun mwen fè yonn ak li, l'ap donnen anpil, paske nou
pa kapab fè anyen san mwen. 6 Moun ki pa fè yonn ak
mwen, y'ap koupe l' voye jete; l'ap cheche tankou yon
branch bwa. Lè branch bwa yo cheche, yo ranmase yo,
yo jete yo nan dife, yo boule yo. 7 Si nou fè yonn ak
mwen, si nou kenbe pawòl mwen yo nan kè nou, nou mèt
mande sa nou vle, y'a ban nou li. 8 Men ki jan pouvwa
Papa m' lan va parèt aklè: se lè nou donnen anpil, lè
nou fè wè se disip mwen nou ye. 9 Jan Papa a renmen
m' lan, se konsa mwen renmen nou tou. Nou menm, se
pou nou renmen menm jan mwen renmen nou an. 10
Si nou fè tou sa mwen ban nou lòd fè a, n'a renmen m'
tou menm jan mwen renmen nou an. Menm jan mwen
menm, mwen fè tou sa Papa a te ban m' lòd fè a, mwen
renmen l' menm jan li renmen m' tou. 11 Mwen di nou tou
sa pou kè kontan m' lan ka nan nou, pou nou ka kontan
nèt ale. 12 Men kòmandman m'ap ban nou: Se pou nou
yonn renmen lòt menm jan mwen renmen nou. 13 Pa gen
pi bon jan pou ou moutre jan ou renmen zanmi ou pase lè
ou bay lavi ou pou yo. 14 Nou tout, se zanmi m' nou ye
depi nou fè sa m' mande nou fè. 15 Mwen p'ap rele nou
domestik, paske yon domestik pa konnen sa mèt li ap
fè. M'ap rele nou zanmi paske mwen fè nou konnen tou
sa Papa a te moutre mwen. 16 Se pa nou ki chwazi m',
se mwen menm ki chwazi nou, ki mete nou apa pou n'
ale, pou n' ka donnen, pou donn nou ka konsève. Konsa,
Papa a va ban nou nenpòt kisa n'a mande nan non mwen.
17 Wi, men sa m' mande nou: Se pou nou yonn renmen
lòt. 18 Si moun k'ap viv dapre prensip lemonn yo rayi nou,
pa bliye yo te rayi m' anvan yo te rayi nou. 19 Si nou te
moun lemonn, lemonn ta renmen nou, paske nou ta pou
li. Men, mwen chwazi nou, mwen wete nou anba pouvwa
lemonn. Se poutèt sa lemonn rayi nou: nou pa moun
lemonn ankò. 20 Chonje sa m' te di nou: Yon domestik
pa janm pi grannèg pase mèt li. Si yo pèsekite m', y'a
pèsekite nou tou. Si yo fè sa m' te moutre yo, y'a fè sa n'a
moutre yo tou. 21 Men, y'ap fè nou tou sa poutèt mwen,
paske yo pa konnen moun ki te voye m' lan. 22 Si m' pa t'
vini, si m' pa t' pale avè yo, yo pa ta antò, yo pa ta fè
peche. Men, koulye a yo pa gen eskiz pou peche yo. 23
Moun ki rayi m', li rayi Papa m' tou. 24 Si m' pa t' fè bagay
okenn lòt moun pa t' janm fè nan mitan yo, yo pa ta antò,
yo pa ta fè peche. Men, koulye a yo wè sa m' fè, yo rayi ni
mwen ni Papa mwen. 25 Men, yo fè tou sa pou pawòl ki
ekri nan Lalwa yo a te ka rive vre: Yo rayi m' san m' pa fè
yo anyen. 26 Moun ki gen pou ankouraje nou an ap vini,
se Lespri k'ap moutre nou verite a, se nan Bondye li soti.
Papa a ap ban mwen l' pou m' voye ban nou, la pale nou
sou mwen. 27 Nou menm tou, n'a pale sou mwen, paske
nou te la avè m' depi nan konmansman.

16 Mwen di nou sa pou nou pa dekouraje lè sa rive.
2 Y'a mete nou deyò nan sinagòg yo. Yon lè, moun
k'ap touye nou yo va met nan tèt yo se sèvis y'ap rann
Bondye lè yo fè sa. 3 Y'ap fè tou sa paske yo pa konnen
ni Papa a ni mwen menm. 4 Men, mwen di nou sa, se
pou lè lè a va rive pou yo fè nou sa nou ka chonje mwen
te di nou sa. Mwen pa t' di nou tou sa anvan, paske mwen
te la avèk nou. 5 Men koulye a, mwen pral jwenn moun ki
te voye m' lan, epi nou yonn pa mande m' kote m' prale?
6 Men, paske mwen pale konsa ak nou, kè nou kase.
7 Men, m'ap di nou laverite: li pi bon pou nou si m' ale.
Paske, si m' pa ale, moun ki gen pou vin ankouraje nou
an p'ap vin jwenn nou. Men, lè m' ale, m'a voye l' ban
nou. 8 Li menm, lè la vini, la moutre moun lemonn yo jan
yo nan lerè sou keksyon peche, sou keksyon sa ki dwat
devan Bondye, sou keksyon jijman Bondye. 9 Yo nan
lerè sou keksyon peche a, paske yo pa mete konfyans
yo nan mwen. 10 Yo nan lerè sou keksyon sa ki dwat
devan Bondye, paske mwen pral jwenn Papa a, nou p'ap
wè m' ankò. 11 Yo nan lerè sou keksyon jijman Bondye
a, paske chèf k'ap dominen lemonn lan fin jije deja. 12
Mwen gen anpil lòt bagay ankò pou m' di nou, men nou
pa ka konprann yo koulye a. 13 Men, li menm Lespri k'ap
moutre verite a, lè la vini, la mennen nou nan tout verite
a. Paske li p'ap pale pawòl pa li. Men, tou sa la tande, se
sa la di nou: la fè nou konnen bagay ki gen pou rive. 14
Li pral fè yo wè pouvwa mwen, paske la pran sa ki pou
mwen pou l' fè nou konnen yo. 15 Tou sa ki pou Papa a
se pou mwen yo ye tou. Se poutèt sa mwen di nou la
pran sa ki pou mwen pou l' fè nou konnen yo. 16 Talè
konsa nou p'ap wè m'; talè konsa n'a wè m' ankò. 17 Kèk
disip li yo pran pale, yonn t'ap di lòt: Sa sa vle di sa l'ap
di nou la a: Talè konsa nou p'ap wè m', talè konsa n'a
wè m' ankò? Sa l' vle di la a: Paske mwen pral jwenn
Papa a? 18 Kisa sa vle di menm: Talè konsa? Nou pa
konprann sa l' vle di. 19 Jezi menm te konnen yo te vle
poze l' keksyon. Li di yo: Mwen di nou: Talè konsa nou
p'ap wè m', talè konsa tou n'a wè m' ankò. Eske se sou
sa nou yonn ap poze lòt keksyon an? 20 Sa m'ap di nou
la a, se vre wi: nou pral kriye, nou pral plenn, men moun
k'ap viv dapre prensip ki nan lemonn yo pral kontan. Nou
pral gen lapenn, men lapenn nou pral tounen kè kontan.
21 Lè yon fanm gen tranche, kè l' sere, paske lè a rive
pou l' soufri. Men, lè pitit la fin fèt, li bliye tout soufrans li
yo tèlman li kontan dapre yon lòt timoun vin sou latè. 22
Konsa tou, koulye a nou nan lapenn. Men, mwen gen pou
m' wè nou ankò. Lè sa a, kè nou pral kontan, pesonn p'ap
ka wete kontantman sa a nan kè nou. 23 Jou sa a, nou
p'ap poze m' keksyon sou anyen. Sa m'ap di nou la a, se
vre wi: nenpòt bagay nou mande Papa a nan non mwen,
la ban nou li. 24 Jouk koulye a, nou poko mande anyen
nan non mwen. Mande, n'a jwenn pou nou ka kontan nèt
ale. 25 Mwen di nou tou sa an paraboòl. Yon lè, mwen p'ap
bezwen pale an paraboòl ak nou ankò, men m'ap pale nou
kareman sou Papa a. 26 Jou sa a, n'a mande Papa a sa
nou vle nan non mwen, mwen pa di m'ap lapriyè Papa a
pou nou, 27 paske Papa a li menm, li renmen nou. Li
renmen nou paske nou renmen m', paske nou kwè mwen
soti nan Papa a. 28 Mwen soti nan Papa a, mwen vin sou
latè. Koulye a, m'ap wete kò m' sou latè a, mwen pral

jwenn Papa a. **29** Disip yo di li: Se koulye a w'ap pale
kare. Ou pa pale an parabòl. **30** Koulye a nou konnen ou
konn tout bagay. Ou pa bezwen pesonn mande ou anyen.
Se poutèt sa nou kwè ou soti nan Bondye. **31** Jezi reponn
yo: Nou sèten nou kwè koulye a? **32** Gade, lè a ap rive, li
rive deja, kote nou pral gaye, chak moun pral kouri bò pa
yo: nou pral kite m' pou kont mwen. Men, mwen pa pou
kont mwen, paske Papa a la avèk mwen. **33** Mwen pale
konsa pou nou kapab gen kè poze nan mwen. Nou gen
pou n' soufri anpil sou latè. Men, pran kouraj, lemonn deja
pèdi devan mwen.

17 Apre Jezi fin pale konsa, li leve je l' anlè nan syèl
la, li di: O Papa, lè a rive. Fè yo wè bèl pouvwa Pitit
la, pou Pitit la ka fè yo wè bèl pouvwa ou la tou. **2** Ou te
ba l' otorite sou tout moun pou l' te kapab bay tout moun
ou ba li yo lavi ki p'ap janm fini an. **(aiōnios g166)** **3** Lavi ki
p'ap janm fini an, se pou yo konnen ou, ou menm ki sèl
Bondye tout bon an, ansanm ak moun ou voye a: Jezikri.
(aiōnios g166) **4** Mwen te fè yo wè bèl pouvwa ou sou tè
sa a. Mwen fè tou sa ou te ban m' fè. **5** Koulye a, Papa,
ban mwen bèl pouvwa devan je ou, menm pouvwa mwen
te genyen lè m' te avè ou la depi anvan ou te kreye tout
bagay. **6** Moun ou te mete apa nan lemonn pou mwen
yo, mwen fè yo konnen ki moun ou ye. Se pou ou yo te
ye. Se ou menm ki te ban mwen yo. Epi yo kenbe pawòl
ou. **7** Koulye a, yo konnen tou sa ou ban mwen se nan
men ou yo soti. **8** Paske mwen ba yo pawòl ou te ban
mwen an. Yo resevwa li. Yo rekonèt mwen soti tout bon
bò kote ou, yo kwè se ou ki voye m' vre. **9** M'ap lapriyè
pou yo. Mwen p'ap lapriyè pou moun lemonn yo, men
pou moun ou ban mwen yo, paske se pou ou yo ye. **10**
Tou sa m' genyen se pou ou, tou sa ou genyen se pou
mwen. Pouvwa mwen parèt aklè nan yo. **11** Mwen pa
nan lemonn lan ankò. Men yo menm, yo nan lemonn
lan toujou. Mwen menm, m'ap vin jwenn ou. Papa, ou
menm ki apa, pwoteje yo pa pouvwa non ou, menm non
ou te ban mwen an, pou yo ka fè yon sèl menm jan ou fè
yon sèl avèk mwen. **12** Pandan m' te la avèk yo, mwen
te pwoteje yo ak pouvwa non ou, menm non ou te ban
mwen an. Mwen te pwoteje yo: yo yonn pa t' pèdi, esepte
nonm ki pou te pèdi a, pou sa ki te ekri nan Liv la rive
vre. **13** Koulye a, m'ap vin jwenn ou. M'ap pale konsa
pandan m' sou latè a, pou jan kè m' kontan an se konsa
pou kè yo ka kontan tou nèt ale. **14** Mwen te ba yo pawòl
ou; lemonn rayi yo paske yo menm yo pa moun lemonn,
menm jan mwen menm mwen pa moun lemonn. **15** Mwen
pa mande ou pou wete yo nan lemonn lan, men pou ou
pwoteje yo anba Satan. **16** Yo pa moun lemonn, menm
jan mwen pa moun lemonn. **17** Fè yo viv pou ou nèt
gremesi verite a. Pawòl ou se verite a. **18** Mwen voye yo
nan lemonn lan menm jan ou te voye m' nan lemonn lan.
19 Se pou yo m'ap viv jan ou vle l' la, pou yo menm tou
yo ka viv jan ou vle l' la, gremesi verite a. **20** Se pa pou
yo sèlman m'ap lapriyè, men pou tout moun ki va mete
konfyans yo nan mwen lè y'a tande mesaj la. **21** M'ap
lapriyè pou yo tout fè yon sèl. Papa, se pou yo tout fè
yonn ansanm ak nou, menm jan ou menm ou nan mwen,
mwen menm mwen nan ou. Se pou yo tout fè yon sèl pou
moun ki nan lemonn yo ka kwè se ou ki te voye mwen. **22**
Mwen te ba yo menm pouvwa ou te ban mwen an, pou yo
tout te ka fè yonn menm jan ou fè yon sèl avè m' tou: **23**
mwen nan yo, ou nan mwen, pou yo tout fè yon sèl nèt
ale, pou moun ki nan lemonn yo ka rive rekonèt se ou ki
te voye m', pou yo ka rive konnen ou renmen yo menm
jan ou renmen m' lan. **24** Papa, se ou ki te ban mwen yo.
Mwen ta vle pou yo toujou avè m' kote m' prale a, pou
yo ka wè pouvwa mwen, pouvwa ou te ban mwen an,
paske ou te renmen m' depi lontan anvan ou te kreye tout
bagay. **25** O Papa, ou menm ki fè tout bagay byen, moun
ki nan lemonn yo pa konnen ou. Men mwen menm, mwen
konnen ou. Moun sa yo konnen se ou ki te voye mwen.
26 Mwen te fè yo konnen ki moun ou ye. M'ap kontinye fè
sa toujou, pou kalite renmen ou gen pou mwen an ka nan
yo, pou mwen menm mwen ka nan yo tou.

18 Lè Jezi fin pale konsa, li pati avèk disip li yo, li al
lòt bò ti ravin Sedwon an. Te gen yon jaden la. Jezi
antre nan jaden an avèk disip li yo. **2** Jida, nonm ki te gen
pou trayi l' la, te konnen ti kote sa a tou paske Jezi te
konn vin la anpil fwa ak disip li yo. **3** Se konsa, Jida al
nan jaden an. Li te gen yon kolonn sòlda ansanm ak kèk
gad avè li. Se chèf prèt yo ak gwoup farizyen yo ki te
voye yo avè li. Yo tout te gen zam, yo t'ap pote fannal ak
gwo chandèl tou limen. **4** Jezi menm ki te konnen sa ki te
pou rive l' la, mache sou yo, li mande yo: Ki moun n'ap
chache? **5** Yo reponn li: Jezi, nonm Nazarèt la. Jezi di yo:
Se mwen. Jida, nonm ki t'ap trayi l' la, te la avèk yo. **6** Lè
Jezi di yo: Se mwen, yo renka kò yo dèyè, yo tonbe atè.
7 Lè sa a, Jezi mande yo ankò: Ki moun n'ap chache? Yo
di l': Jezi, nonm Nazarèt la. **8** Jezi reponn yo: Mwen pa
deja di nou se mwen menm. Si se mwen n'ap chache, kite
lòt mesye sa yo al fè wout yo. **9** Se konsa pawòl li te di a
rive vre: Nan tout moun ou te ban mwen yo, Papa, yonn
menm pa pèdi. **10** Simon Pyè te gen yon nepe sou li, li
rale l', li frape domestik granprèt la, li sote zòrèy dwat li.
(Yo te rele domestik la Malkis.) **11** Men, Jezi di Pyè konsa:
Mete nepe ou la nan djenn li. Eske se pa pou m' bwè
gode soufrans Papa a ban m' bwè a? **12** Kolonn sòlda yo,
kòmandan an ansanm ak gad jwif yo mete men sou Jezi,
yo mare li. **13** Premye kote yo mennen l', se kay An. An te
bòpè Kayif ki te granprèt pou lanne a. **14** Se Kayif sa a
ki te bay jwif yo konsèy sa a: Li pi bon pou nou si yon
sèl moun mouri pou tout pèp la! **15** Simon Pyè te swiv
Jezi ansanm ak yon lòt disip. Disip sa a te yon konesans
granprèt la. Se konsa li te antre anmenmtan ak Jezi nan
lakou granprèt la. **16** Pyè menm te rete deyò, bò pòt la.
Lè sa a, lòt disip la, ki te yon konesans granprèt la, soti
deyò, li pale ak fanm ki t'ap veye pòt la, li fè Pyè antre. **17**
Sèvant ki t'ap veye pòt la di Pyè konsa: Ou menm tou, ou
se yonn nan disip nonm sa a. Pyè reponn li: Non. Mwen

pa disip nonm sa a. 18 Domestik yo ak gad yo te limen
dife, yo tout te kanpe bò dife a, yo t'ap chofe kò yo paske
te fè frèt. Pyè te kanpe la avèk yo, li t'ap chofe kò l' tou.
19 Granprèt la poze Jezi keksyon sou disip li yo ak sou sa
l' t'ap moutre yo. 20 Jezi reponn li: Mwen te pale an piblik
pou tout moun tande. Se nan sinagòg yo ak nan tanp lan,
kote tout jwif yo sanble, se la mwen toujou moutre sa pou
m' te moutre a. Mwen pa janm di anyen an kachèt. 21
Poukisa w'ap keksyonnen m' konsa? Mande moun ki te
tande m' yo sa m' te di yo. Yo menm yo konnen sa m'
te di. 22 Antan Jezi t'ap di pawòl sa yo, yon gad ki te
kanpe la bò kote l' ba l' yon souflèt. Li di li: Se konsa w'ap
reponn granprèt la? 23 Jezi reponn li: Si m' pale mal,
moutre moun yo sa m' di ki mal la a. Men, si m' pale byen,
poukisa ou frape mwen? 24 Apre sa, An voye Jezi tou
mare ale lakay Kayif, granprèt la. 25 Pandan tout tan sa
a, Simon Pyè te kanpe la ap chofe dife. Yo di li: Ou menm
tou, ou se yon disip nonm sa a. Men, Pyè demanti sa, li
di: Non. Mwen pa disip nonm sa a. 26 Yonn nan domestik
granprèt la ki te fanmi nonm Pyè te koupe zòrèy la, di
konsa: Eske mwen pa t' wè ou nan jaden an avè li? 27
Pyè di ankò se pa vre. Lamenm yon kòk chante. 28 Apre
sa, soti kay Kayif, yo mennen Jezi nan palè Gouvènè
a. Se te granmtimaten. Men, jwif yo pa t' antre nan palè
a. Yo pa t' vle mete tèt yo nan kondisyon pou yo pa ka
fè sèvis Bondye yo. Sa ta ka anpeche yo manje manje
Delivrans lan. 29 Se poutèt sa, Pilat, gouvènè a, te blije
soti vin jwenn yo deyò a. Li mande yo: Kisa nou di nonm
sa a fè? 30 Yo reponn li: Si nonm sa a pa t' yon malfektè,
nou pa ta mennen l' ba ou. 31 Pilat di yo: Poukisa nou pa
pran l' nou menm, pou nou jije l' dapre lalwa nou? Jwif yo
reponn li: Nou pa gen dwa touye pesonn. 32 Se konsa
pawòl Jezi te di lè l' t'ap fè konnen jan l' tapral mouri a,
tapral rive vre. 33 Lè sa a, Pilat antre nan palè a, li rele
Jezi, li mande li: Eske se wa jwif yo ou ye? 34 Jezi reponn
li: Eske ou di sa paske ou fè lide sa a ou menm, osinon
èske se lòt moun ki di ou sa? 35 Pilat reponn li: Eske
se jwif mwen ye, mwen menm? Se pwòp moun peyi ou
ansanm ak chèf prèt yo ki mennen ou ban mwen? Kisa
ou fè? 36 Jezi reponn: Nan peyi kote m' wa a, se pa
tankou peyi ki sou latè. Si gouvènman peyi kote m' wa a
te tankou gouvènman peyi ki sou latè, sèvitè m' yo ta
goumen pou mwen. Yo pa ta kite m' tonbe nan men jwif
yo. Non. Nan peyi kote m' wa a, se pa tankou peyi ki sou
latè. 37 Lè sa a, Pilat di li: Si se konsa, ou se wa vre?
Jezi reponn li: Se ou ki di li. Wi, se wa mwen ye. Mwen fèt
pou m' di verite a jan li ye a. Wi, se pou sa menm mwen
vin sou latè. Tout moun ki patizan laverite ap koute vwa
mwen. 38 Pilat reponn li: Laverite? Kisa l' ye? Lè l' fin
di sa, Pilat soti ankò, li al jwenn jwif yo. Li di yo: Mwen
pa wè rezon pou m' kondannen nonm sa a. 39 Dapre
koutim nou genyen, mwen toujou lage yon prizonye pou
fèt Delivrans lan ban nou. Eske nou ta vle m' lage wa jwif
yo ban nou? 40 Lè sa a, yo tout pran rele: Non. Nou pa
vle li. Se Barabas nou vle! Barabas sa a te yon bandi.

19 Se konsa Pilat bay lòd pran Jezi, bat li byen bat.
2 Sòlda yo trese yon kouwòn avèk branch pikan, yo
mete l' nan tèt Jezi. Yo mete yon gwo rad wouj fonse sou
li. 3 Yo pwoche bò kote l', yo di li: Bonjou, wa jwif yo. Epi
yo souflete li. 4 Pilat soti ankò, li pale ak foul moun yo, li
di: Koute. Mwen pral mennen l' isit la deyò pou nou ka
konprann mwen pa jwenn okenn rezon pou m' kondannen
nonm sa a. 5 Se konsa, Jezi soti: li te gen kouwòn pikan
an nan tèt li ak gwo rad wouj fonse a sou li. Pilat di yo:
Men nonm lan! 6 Lè chèf prèt yo ansanm ak gad yo wè l',
yo kòmanse rele: Kloure l' sou yon kwa! Kloure l' sou yon
kwa! Pilat di yo: Pran l', kloure l' sou kwa a nou menm.
Mwen pa wè rezon pou m' kondannen l', mwen menm. 7
Jwif yo reponn li: Nou gen yon lwa. Dapre lwa sa a, li gen
pou l' mouri paske li fè tèt li pase pou Pitit Bondye. 8 Lè
Pilat tande sa, li vin pi pè toujou. 9 Li antre nan palè a, li
mande Jezi: Ki kote ou soti? Men, Jezi pa reponn li. 10 Lè
sa a, Pilat di li: Ou p'ap pale avè mwen? Ou pa konnen
mwen gen pouvwa pou m' lage ou, mwen gen pouvwa
pou m' fè yo kloure ou sou yon kwa? 11 Jezi reponn li: Ou
pa ta gen okenn pouvwa sou mwen si se pa t' Bondye
nan syèl la ki te ba ou li. Se poutèt sa, moun ki lage m'
nan men ou lan, li pi koupab pase ou. 12 Depi lè sa a,
Pilat t'ap chache yon jan pou l' lage Jezi. Men, jwif yo
kòmanse rele: Si ou lage nonm sa a, ou pa zanmi Seza!
Depi yon moun ap fè tèt li pase pou wa, se lènmi Seza
li ye. 13 Lè Pilat tande koze sa a, li fè yo mennen Jezi
deyò, li chita sou gwo chèz nan plas jij la, kote yo rele
Lakou Pave a (an lang ebre yo rele l': Gabata). 14 Se
te lavèy fèt Delivrans jwif yo, vè midi konsa. Pilat di jwif
yo: Men wa nou an. 15 Men, yo kòmanse rele: Touye li!
Touye li! Kloure l' sou yon kwa! Pilat di yo: Nou vle m'
kloure wa nou an sou yon kwa? Chèf pret yo reponn li:
Nou pa gen lòt wa pase Seza. 16 Lè sa a, Pilat renmèt yo
Jezi pou y' al kloure l' sou yon kwa. Se konsa, yo pran
Jezi, yo mennen l' ale. 17 Jezi soti deyò lavil la, li t'ap
pote kwa li jouk yon kote yo rele: Zo bwa Tèt la (An lang
ebre, yo rele l': Gòlgota). 18 Rive la, sòlda yo kloure l'
sou kwa a. Anmenmtan yo kloure de lòt moun sou kwa
tou, yonn chak bò, Jezi menm nan mitan yo. 19 Pilat te
bay lòd pou yo te fè yon pankat pou mete sou tèt kwa a.
Yo te ekri sou li: Jezi, moun Nazarèt la, wa jwif yo. 20
Anpil jwif te li sa ki te ekri sou pankat la. Kote yo te kloure
Jezi sou kwa a te toupre lavil la. Pankat la menm te ekri
nan twa lang: ebre, laten ak grèk. 21 Lè sa a, chèf prèt
jwif yo di Pilat konsa: Pa ekri: Wa Jwif yo. Men, ekri pito:
Nonm sa a di se wa jwif yo li ye. 22 Pilat reponn yo: Sa m'
ekri a, m' ekri l' nèt. 23 Lè sòlda yo fin kloure Jezi sou
kou a, yo pran rad li yo, yo fè kat pil ak yo, yo separe yo
bay chak sòlda yo yonn. Yo pran gwo rad san kouti a,
rad ki te fèt ak yon sèl pyès depi anwo jouk anba a. 24
Sòlda yo yonn di lòt: Nou p'ap chire rad sa a non. Ann tire
osò pou konnen pou ki moun l'ap ye. Se konsa, pawòl ki
te ekri nan Liv la rive vre: Yo separe rad mwen ant yo:
Yo tire osò pou rad mwen an. Se sa menm sòlda yo te

fè. 25 Bò kwa Jezi a te gen manman l' ak sè manman l',
Mari, madanm Kleopas la, ansanm avèk Mari, moun lavil
Magdala a. 26 Jezi wè manman l' ansanm ak disip li te
renmen an toupre li. Li di manman l' konsa: Madanm,
men pitit ou. 27 Li di disip la: Men manman ou. Depi lè sa
a, disip la pran manman Jezi lakay li. 28 Jezi te konnen
lè sa a tout bagay ki pou te fèt te fin fèt. Pou fè sa ki te
ekri nan Liv la rive vre, li di: Mwen swaf. 29 Te gen yon
veso plen venèg bò la. Sòlda yo tranpe yon eponj nan
venèg la, yo mare l' nan pwent yon branch bwa yo rele
izòp, yo pwoche l', yo mete l' bò bouch Jezi. 30 Lè Jezi fin
pran venèg la, li di: Tou sa ki pou te rive rive! Apre sa, li
bese tèt li, li mouri. 31 Se te lavèy jou repo a. Jwif yo pa t'
vle pou kadav yo te rete sou kwa yo pandan jou repo a,
paske jou repo a te yon gwo jou fèt. Yo mande Pilat pou
fè kraze janm moun ki te kloure sou kwa yo, lèfini pou
l' te fè wete kadav yo. 32 Se lè sa a, sòlda yo vini, yo
kraze janm premye nonm yo te kloure sou kwa menm lè
ak Jezi a. Apre sa, yo kraze janm dezyèm lan tou. 33
Men, lè yo rive sou Jezi, yo wè li te gen tan mouri. Se sak
fè yo pa t' kraze janm li yo. 34 Men, yonn nan sòlda yo
pèse bò kòt li avèk yon lans. Lamenm, dlo ak san koule
sot nan twou a. 35 Moun k'ap rapòte bagay sa yo te wè
yo ak je li. Sa l'ap di a se vre. Li konnen li menm l'ap di
laverite, pou nou menm tou nou ka kwè. 36 Tou sa pase
konsa pou pawòl ki te ekri nan Liv la te ka rive vre: Yo pa
kraze yon sèl zo nan kò li. 37 Gen yon lòt pawòl yo te ekri
ankò ki di: Y'a leve je yo gade, y'a wè moun yo te pèse a.
38 Apre sa, Jozèf, moun lavil Arimate a, al mande Pilat
pèmisyon pou li te pran kò Jezi. (Jozèf sa a te yon disip
Jezi, men an kachèt, paske li te pè jwif yo.) Pilat ba l'
pèmisyon an. Se konsa, Jozèf vini, li pran kò Jezi, li pote l'
ale. 39 Nikodèm, nonm ki ta l' jwenn Jezi yon lè nan mitan
lannwit lan, te vini tou. Li te pote senkant lit konsa yon
odè yo rele lami melanje ak lalwa nan lwil. 40 Yo tou de
rive, yo pran Jezi. Pandan yo t'ap vlope l' nan bann twal
fin yo, yo mete lwil santi bon sou li jan jwif yo te konn fè lè
y'ap antere moun. 41 Kote yo te kloure Jezi sou kwa a te
gen yon jaden. Nan jaden an te gen yon kavo tou nèf. Yo
pa t' ankò mete pesonn ladan li. 42 Se te lavèy jou repo
jwif yo, epi kavo a te toupre. Se sak fè, se la yo te mete
kò Jezi a.

20 Nan dimanch maten, byen bonè, li pa t' ankò fin jou,
Mari, moun Magdala a, al nan kavo a. Li wè yo te
wete wòch ki te fèmen bouch kavo a. 2 Li kouri, li al jwenn
Simon Pyè ansanm ak lòt disip Jezi te renmen an, li di yo:
Yo wete Seyè a kote l' te ye nan kavo a. Nou pa konn kote
yo mete li. 3 Pyè pati ansanm ak lòt disip la, y' al nan
kavo a. 4 Yo t'ap kouri ansanm, men lòt disip la t'ap kouri
pi vit pase Pyè. Li rive bò kavo a anvan li. 5 Li bese pou l'
gade anndan an. Li wè bann twal fin yo te fè yon pil atè a.
Men, li pa antre. 6 Lè Simon Pyè rive dèyè l', li antre nan
kavo a. Li wè bann twal fin yo anpile atè a 7 ansanm ak
moso twal ki te mare tèt Jezi a. Men, moso twal sa a pa t'
menm kote ak bann twal fin yo. Li te vlope apa yon lòt
kote. 8 Se lè sa a, lòt disip ki te rive bò kavo a anvan an
antre tou. Li wè, li kwè. 9 (Disip yo pa t' ankò konprann sa
ki te ekri nan Liv la kote yo te di Jezi te gen pou l' te leve
soti vivan pami mò yo.) 10 Apre sa, tou de disip yo tounen
lakay yo. 11 Mari menm te rete deyò toupre kavo a. Li t'ap
kriye. Antan l' t'ap kriye konsa, li bese tèt li pou l' gade
anndan kavo a. 12 Li wè de zanj Bondye abiye tout an
blan, chita kote yo te mete kò Jezi a, yonn nan plas tèt la,
lòt la nan plas pye yo. 13 Zanj yo mande li: Madanm,
poukisa w'ap kriye konsa? Li reponn yo: Yo wete Seyè
mwen an, m' pa konn kote yo mete li. 14 Lè l' fin di sa, li
vire tèt li, li wè Jezi ki te kanpe la, men li pa t' rekonèt si
se te Jezi. 15 Jezi mande li: Madanm, poukisa w'ap kriye
konsa? Ki moun w'ap chache? Mari menm te kwè se te
mèt jaden an. Se poutèt sa li di li: Mèt, si se ou menm ki
wete l', di m' ki bò ou mete li. M'a v al pran li. 16 Jezi di li:
Mari! Mari vire bò kot Jezi, li di l' an lang ebre: Rabouni
(sa vle di: Mèt). 17 Jezi di li: Pa manyen m'! Mwen poko
moute al jwenn Papa mwen. Men, ale jwenn frè m' yo,
di yo m'ap moute bò kot Papa m' ki papa nou tou, m'ap
moute bò kot Bondye m' ki Bondye nou tou. 18 Se konsa
Mari, moun Magdala a, al di disip yo: Mwen wè Seyè a.
Epi li rakonte yo sa Jezi te di li. 19 Menm jou dimanch sa
a, nan aswè, disip yo te reyini nan yon kay. Yo te fèmen
pòt yo akle paske yo te pè jwif yo. Jezi vini, li kanpe nan
mitan yo, li di yo: benediksyon Bondye sou nou tout! 20
Apre li fin di yo sa, li moutre yo de pla men l' ak bò kòt li.
Disip yo pa t' manke kontan lè yo wè Seyè a. 21 Jezi di yo
ankò: benediksyon Bondye sou nou tout! Menm jan Papa
a te voye m' lan, se konsa m'ap voye nou tou. 22 Apre
pawòl sa yo, li soufle sou yo, li di yo: Resevwa Sentespri.
23 Moun n'a padone peche yo, y'a resevwa padon vre.
Moun n'a refize padone, yo p'ap resevwa padon. 24 Men,
twouve Toma, yonn nan douz disip yo ki te rele Jimo, pa t'
la avèk yo lè Jezi te vini an. 25 Lòt disip yo di li: Nou wè
Seyè a. Men, Toma reponn yo: Si m' pa wè mak klou yo
nan pla men l', si m' pa mete dwèt mwen nan plas kote
klou yo te ye a, si m' pa mete men m' nan bò kòt li, mwen
p'ap kwè. 26 Yon senmenn apre sa, disip Jezi yo te reyini
ankò anndan kay la. Fwa sa a Toma te la avèk yo. Tout
pòt yo te fèmen akle. Jezi vini, li kanpe nan mitan yo, li
di: benediksyon Bondye sou nou tout. 27 Apre sa li di
Toma: Mete dwèt ou isit la. Men. Gade men m' yo. Lonje
men ou, mete l' la bò kòt mwen. Wete doutans nan kè
ou. Kwè, tande. 28 Toma reponn li: Seyè mwen, Bondye
mwen! 29 Jezi di li: Koulye a, se paske ou wè m' kifè ou
kwè? benediksyon pou tout moun ki va kwè san yo pa wè
mwen! 30 Jezi te fè anpil lòt mirak ankò devan disip li yo,
men nou pa rapòte yo nan liv sa a. 31 Tou sa ki ekri nan
Liv sa a, mwen ekri yo pou nou ka kwè Jezi se Kris la,
Pitit Bondye, pou lè nou kwè a nou ka gen lavi nan li.

21 Kèk jou apre sa, Jezi fè disip yo wè l' ankò, bò
lanmè Tiberyad la. Men ki jan sa te pase: 2 Simon
Pyè, Toma (yo rele Jimo a), Natanayèl (ki te moun Kana
nan peyi Galile) ak de pitit Zebede yo te la ansanm ak de

lòt nan disip Jezi yo. **3** Simon Pyè di: Mwen pral lapèch.
Yo di li: Nou menm tou, nou pral avè ou. Se konsa yo pati,
yo moute nan yon kannòt. Men, yo pase tout nwit lan yo
pa t' pran anyen. **4** Li te kòmanse fè jou lè Jezi parèt bò
dlo a. Men disip yo pa t' rekonèt si se te li menm. **5** Jezi
di yo konsa: Mesye m' yo, èske nou pran pwason? Yo
reponn li: Non, nou pa pran anyen. **6** Li di yo: Lage privye
a sou bò dwat kannòt la, n'a jwenn kichòy. Yo lage privye
a. Men, yo pa t' kapab rale l' soti nan dlo a sitèlman li te
plen pwason. **7** Disip Jezi te renmen an di Pyè konsa: Se
Seyè a wi. Lè Simon Pyè tande pawòl sa yo: Se Seyè a, li
mete rad sou li (paske li te toutouni), li lage kò l' nan dlo a.
8 Lòt disip yo menm t'ap tounen atè nan kannòt la, yo t'ap
trennen privye ki te plen pwason an dèyè yo. Yo pa t' twò
lwen rivay la, san (100) mèt konsa. **9** Lè yo desann atè,
yo wè yon dife ki te limen sou rivay la avèk kèk pwason
ap boukannen ladan li. Te gen pen tou. **10** Jezi di yo:
Pote kèk pwason nan sa nou fèk sot pran yo. **11** Simon
Pyè moute nan kannòt la, li rale prive a tou plen vin atè.
Te gen sansenkanntwa (153) gwo pwason ladan li. Men
atousa, privye a pa t' chire. **12** Jezi di yo: vin manje. Yo
yonn nan disip yo pa t' gen kouraj mande li: Ki moun ou
ye? Yo tout te konnen se te Seyè a. **13** Jezi pwoche bò
kote yo, li pran pen, li ba yo. Li ba yo pwason tou. **14**
Sa te fè twazyèm fwa Jezi te fè disip li yo wè l' depi l' te
leve soti vivan nan lanmò. **15** Lè yo fin manje, Jezi di
Simon Pyè konsa: Simon, pitit Jan, èske ou renmen m'
plis pase moun sa yo renmen mwen? Simon Pyè reponn:
Wi, Seyè, ou konnen mwen renmen ou. Jezi di li: Pran
swen ti mouton m' yo. **16** Li mande l' yon dezyèm fwa:
Simon, pitit Jan, èske ou renmen mwen? Li reponn: Wi,
Seyè, ou konnen mwen renmen ou. Jezi di li: Pran swen
mouton m' yo. **17** Apre sa, li mande l' yon twazyèm fwa:
Simon, pitit Jan, èske ou renmen mwen? Sa te fè Simon
lapenn anpil lè l' wè Jezi te mande l' yon twazyèm fwa:
Eske ou renmen mwen? Li reponn li: Seyè, ou konn tout
bagay. Ou konnen mwen renmen ou. Jezi di l' konsa: Pran
swen mouton m' yo. **18** Sa m'ap di ou la a, se vre wi. Lè
ou te jenn ti gason, ou te konn mare sentiwon ou pou kont
ou. Lè sa a, ou te konn ale kote ou te vle. Men, lè wa fin
granmoun, wa lonje de bra ou konsa, se moun ki va mare
sentiwon ou pou ou. Lè sa a, y'a mennen ou kote ou pa ta
vle ale. **19** (Lè Jezi t'ap pale konsa, li t'ap moutre ki jan
Pyè tapral mouri pou sa te sèvi yon lwanj pou Bondye.)
Apre sa, Jezi di li: Swiv mwen. **20** Pyè vire tèt li, li wè
disip Jezi te renmen an ki t'ap vin dèyè yo. Se disip sa a
ki te panche bò zòrèy Jezi, antan yo t'ap manje a, ki te
mande li: Seyè, ki moun ki pral trayi ou la? **21** Se konsa,
Pyè wè l' ap vini, li mande Jezi: Seyè, e nonm sa a, kisak
pral rive li? **22** Jezi reponn li: Si m' vle li rete vivan jouk lè
m' gen pou m' tounen an, sa sa gade ou? Ou menm, swiv
mwen. **23** Se konsa, nouvèl la gaye nan mitan frè yo:
disip sa a p'ap janm mouri. Men, Jezi pa t' di Pyè: Li p'ap
janm mouri. Li te di l' konsa: Si m' vle li rete vivan jouk lè
m' gen pou m' tounen an, sa sa gade ou? **24** Se menm
disip sa a k'ap rapòte tout bagay sa yo. Se li menm ki ekri
yo. Nou konnen sa l'ap di a se verite. **25** Jezi te fè anpil
lòt bagay ankò. Si yon moun ta pran ekri liv pou rakonte
yo tout, yonn apre lòt, mwen pa kwè ta gen plas sou latè
pou mete liv sa yo.

Travay

1 Teofil monchè: Nan premye liv mwen an, mwen te
rakonte tou sa Jezi te fè ak tout bagay li te moutre pèp
la, depi nan konmans man, **2** jouk jou li moute nan syèl
la. Anvan l' te moute a, li te pale ak moun li te chwazi pou
sèvi apòt. Avèk pouvwa Sentespri sou li, li ba yo lòd sa
pou yo fè. **3** Apre lanmò li, li te parèt plizyè fwa devan yo.
Li te ba yo divès prèv li te vivan ankò. Pandan karant jou,
li fè yo wè l', li pale yo sou peyi kote Bondye wa a. **4** Yon
jou yo t'ap manje ansanm, Jezi ba yo lòd sa a: Pa kite
lavil Jerizalèm. Rete tann sa Papa a te pwomèt la, kado
mwen t'ap pale nou an. **5** Jan te batize nou nan dlo, men
nan kèk jou ankò, nou pral resevwa batèm nan Sentespri
a. **6** Lè sa a, moun ki te reyini bò kot Jezi yo pran mande
li: Mèt, èske se koulye a ou pral mete gouvènman pèp
Izrayèl la sou pye l' ankò? **7** Jezi reponn yo: Nou pa
bezwen konnen ki jou ni ki lè sa va fèt. Se Papa a ki
fikse dat la li menm, pou kont li. **8** Men, lè Sentespri a
va desann sou nou, n'a resevwa yon pouvwa. Lè sa a,
n'a sèvi m' temwen nan Jerizalèm, nan tout peyi Jide ak
nan tout peyi Samari, jouk nan dènye bout latè. **9** Apre
li fin di yo sa, li moute nan syèl. Antan yo t'ap gade li,
yon nwaj vin bouche l' devan je yo. **10** Yo te gen je yo
fikse nan syèl la kote Jezi t'ap moute a, lè dezòm, abiye
tout an blan, parèt konsa bò kote yo. **11** Dezòm yo di yo:
Nou menm, moun Galile, poukisa nou rete la ap gade
syèl la konsa? Jezi sa a ki fèk sot nan mitan nou an pou
moute nan syèl la, li gen pou l' tounen menm jan nou wè l'
moute nan syèl la. **12** Apre sa, apòt yo desann mòn Oliv,
yo tounen Jerizalèm. Mòn lan te toupre lavil la, distans
yon kilomèt konsa. **13** Lè yo rive Jerizalèm, yo moute
nan chanm anwo kay kote yo konn ye a. Lè sa a te gen
Pyè, Jan, Jak ak Andre, Filip ak Toma, Batèlmi ak Matye,
Jak, pitit Alfe a, Simon, nonm patriyòt la, epi Jid, pitit Jak
la. **14** Yo tout mete tèt yo ansanm, yo t'ap lapriye san
rete. Medam yo te la tou ansanm ak Mari, manman Jezi,
ak frè l' yo tou. **15** Yon jou tout frè yo te sanble, te gen
sanven (120) moun antou konsa. Piè kanpe nan mitan
yo, li di: **16** Frè m' yo, sa Sentespri te anonse nan Liv
yo, fòk sa te rive vre. Se konsa, nan bouch David, li te
fè konnen davans ki jan Jida t'apral mennen moun ki te
arete Jezi yo. **17** Jida te yonn nan nou, li te gen sèvis pa l'
nan travay nou an. **18** (Avèk lajan yon te ba l' pou krim
lan, Jida te achte yon moso tè. Se la li tonbe sou tèt, vant
li pete, tout zantray li gaye sot deyò. **19** Se bagay tout
moun nan Jerizalèm konnen byen. Se pou sa nan lang
yo, yo te rele tè a: Akeldama, ki vle di: jaden san an.) **20**
Men sa ki ekri nan Liv Sòm yo: Se pou kay li rete san
moun. Se pou pesonn pa rete ladan li. Pi lwen ankò nou
jwenn: Se pou yon lòt moun pran plas li nan travay la. **21**
Se poutèt sa, nou bezwen yon lòt moun ansanm ak nou
pou sèvi temwen Seyè Jezi te leve soti vivan nan lanmò.
Moun sa a, fòk se yonn nan moun ki te toujou la avèk nou
tout tan Seyè Jezi t'ap mache avèk nou nan tout peyi a,
22 depi lè Jan te batize l' la jouk jou li te kite nou an pou l'
moute nan syèl la. **23** Yo bay non de moun: Jozèf, yo te
rele Basabas ki te gen yon ti non Jistis, epi Matyas. **24**
Apre sa, yo lapriyè konsa: Bondye, ou menm ki konnen
kè tout moun, moutre nou kilès ou chwazi nan de moun
sa yo, **25** pou sèvi apòt nan plas Jida te kite pou li al kote
ki te pou li a. **26** Apre sa, yo tire osò: se Matyas ki soti. Se
konsa yo mete l' ansanm ak onz apòt yo.

2 Lè jou Lapannkòt la rive, yo tout te reyini ansanm
menm kote a. **2** Yo rete konsa, epi yon sèl bri sot nan
syèl la tankou yon gwo van k'ap soufle; li plen tout kay
kote yo te chita a. **3** Lè sa a, yo wè yon bann lang parèt
tankou ti flanm dife ki separe yonn ak lòt epi ki al poze
grenn pa grenn sou tèt yo chak. **4** Yo tout te vin anba
pouvwa Sentespri, epi yo pran pale lòt lang dapre jan
Lespri Bondye a t'ap fè yo pale. **5** Lè sa a, te gen yon
bann jwif ki t'ap pase kèk jou lavil Jerizalèm. Se te moun
devwe pou Bondye ki te soti nan tout peyi sou latè. **6** Lè
yo tande bri a, yon kantite ladan yo sanble. Yo tout te sezi
anpil paske yo t'ap tande moun yo pale nan lang peyi
yo chak. **7** Yo pa t' manke sezi. Yo t'ap gade, yo t'ap di:
Moun sa yo k'ap pale la a, apa moun Galile yo tout ye? **8**
Ki jan nou fè tande y'ap pale nan lang peyi nou? **9** Nan
nou la a gen moun Pat, moun Medi ak moun Elam, gen
moun Mezopotami, moun Jide, moun Kapadòs, moun Pon
ak moun Lazi. **10** Gen moun Friji, moun Panfili, moun
Lejip, moun teritwa Libi ki toupre Sirèn. Genyen ki soti
lavil Wòm. **11** Nan nou gen jwif, gen moun lòt nasyon ki te
konvèti nan relijyon jwif yo, gen moun ki soti Lakrèt, gen
moun Arabi tou. Ki jan nou fè tande yo ap pale lang nou,
y'ap rakonte bèl bagay Bondye te fè? **12** Yo tout te sezi,
yo pa t' konn sa pou yo te kwè. Yonn t'ap di lòt: Sa sa vle
di? **13** Gen lòt moun menm ki t'ap pase yo nan rizib. Yo
t'ap di: Moun sa yo sou. **14** Lè sa a, Pyè kanpe ansanm
ak lòt onz apòt yo, li pale byen fò, li di foul moun yo konsa:
Nou menm moun Jide ansanm ak nou tout k'ap pase kèk
jou isit lavil Jerizalèm, nou fèt pou nou konnen sa. Koute
sa m' pral di nou la a. **15** Moun sa yo pa sou jan nou kwè
a. Se nevè dimaten li ye sèlman. **16** Men, sa pwofèt Joèl
te fè konnen gen pou rive a, se sa k'ap pase koulye a: **17**
Men sak pral rive nan dènye tan an: Se Bondye menm
k'ap pale: M'ap vide Lespri m' sou tout moun sou latè. Pitit
gason nou ak pitit fi nou yo va pale tankou pwofèt. Jenn
gason nou yo va gen vizyon. Granmoun nou yo va fè rèv.
18 Wi, lè sa a, m'ap vide Lespri m' sou tout sèvitè m' yo, fi
kou gason, epi y'a bay mesaj ki soti nan Bondye. **19** Mwen
pral fè mèvèy parèt anwo nan syèl la, mwen pral fè mirak
anba sou latè! Va gen san, dife ak gwo nwaj lafimen. **20**
Solèy la pral vin tou nwa. Lalin lan pral vin wouj kou san,
anvan jou Mèt la rive. Se va yon gwo jou, yon bèl jou
tou! **21** Lè sa a nenpòt moun ki va rele non Bondye va
delivre. **22** Nou menm moun laras Izrayèl, koute sa m'
pral di nou la a: Jezi, moun Nazarèt la, se Bondye menm
ki te voye l' paske nou te wè tout mirak, tout bèl bagay ak
tout siy Bondye te ba l' pouvwa fè nan mitan nou. Sa se

bagay nou tout konnen. **23** Yo te lage nonm sa a nan
men nou, jan Bondye te vle l' la, dapre plan li te deja fè
nan tèt li. Nou menm, nou fè touye l', nou fè yon bann
mechan kloure l' sou yon kwa. **24** Men, Bondye fè l' leve
vivan ankò, li delivre l' anba doulè lanmò a paske se pa t'
posib pou lanmò te kenbe l' anba pouvwa li. **25** Men sa
David te ekri sou li: Mwen te wè Bondye, Mèt la, tout tan
devan je mwen. Paske li toujou bò kote m'. Anyen pa ka
brannen m'. **26** Se poutèt sa kè m' kontan anpil, se pawòl
kontantman ase ki nan bouch mwen. Menm kò mwen,
m'ap poze l' avèk espwa nan Bondye. **27** Paske, ou p'ap
kite m' kote mò yo ye a. Ou p'ap pèmèt moun k'ap sèvi
ou la pouri anba tè. **(Hadēs g86)** **28** Ou fè m' konnen tout
chemen ki bay lavi a. M'ap kontan nèt paske ou toujou la
avèk mwen. **29** Frè m' yo, pèmèt mwen pale kareman ak
nou. David, zansèt nou an, mouri, yo antere l'. Tonm li la
nan mitan nou jouk jòdi a. **30** Men, David te yon pwofèt, li
te konnen sa Bondye te pwomèt la. Bondye te sèmante li
t'ap fè yonn nan pitit li yo wa tankou li. **31** David te wè sa
Bondye tapral fè a. Se konsa li te di Kris la te gen pou l'
leve soti vivan nan lanmò lè l' di: Yo p'ap kite l' kote mò yo
ye a. Kò li p'ap tounen pouriti. **(Hadēs g86)** **32** Bondye fè
Jezi sa a leve soti vivan; nou tout nou temwen bagay sa
a. **33** Bondye fè l' moute nan syèl la vin sou bò dwat li, li
resevwa Sentespri Papa a te pwomèt la, li vide l' sou nou.
Enben, se sa n'ap wè, se sa n'ap tande koulye a. **34** Se
pa David ki te moute nan syèl la. Men, li te di: Bondye te
di Seyè mwen an: Chita la sou bò dwat mwen, **35** jouk tan
mwen fè lènmi ou yo tounen yon ti ban pou lonje pye ou.
36 Tout pèp Izrayèl la fèt pou konnen sa byen: Jezi, nonm
nou te kloure sou kwa a, se li menm Bondye fè Seyè, se li
menm Bondye fè Kris la. **37** Lè pèp la tande pawòl sa yo,
yo santi kè yo boulvèse. Yo mande Pyè ansanm ak lòt
apòt yo: Frè nou yo, kisa pou nou fè? **38** Pyè reponn yo:
Tounen vin jwenn Bondye, epi yonn apre lòt vin resevwa
batèm nan non Jezikri, pou Bondye padonnen tout peche
nou yo. Apre sa, n'a resevwa Sentespri, kado Bondye a.
39 Paske pwomès la, Bondye fè l' pou nou, pou pitit nou
yo, pou tout moun ki byen lwen, pou tout moun Bondye,
Mèt nou, va rele vin jwenn li. **40** Pyè t'ap di yo anpil lòt
pawòl ankò pou l' te fè yo kwè, pou l' te ankouraje yo. Li
t'ap di yo konsa: Sove tèt nou. Wete kò nou nan mitan
moun pèvèti sa yo. **41** Anpil ladan yo te kwè sa Pyè t'ap
di a, yo te resevwa batèm. Jou sa a, te gen twamil (3.000)
moun konsa ki te mete tèt yo ansanm ak disip yo. **42**
Yo pase tout tan yo ap koute sa apòt yo t'ap moutre yo,
yo t'ap viv ansanm tankou frè yonn ak lòt, yo reyini pou
separe pen an bay tout moun, epi yo t'ap lapriyè. **43** Tout
moun te gen krentif devan kantite mirak ak bèl bagay apòt
yo t'ap fè. **44** Tout moun ki te kwè yo t'ap viv ansanm
yonn ak lòt. Yo te mete tou sa yo te genyen ansanm. **45**
Yo vann tè yo ak tout byen yo, yo separe lajan an pami
yo tout, dapre nesesite chak moun. **46** Toulejou, yo tout
reyini ansanm nan tanp lan; yo te konn separe pen an
bay tout moun nan kay yo, yo te manje ansanm avèk kè
kontan san okenn pretansyon. **47** Yo t'ap fè lwanj Bondye.
Tout moun te renmen yo. Chak jou Bondye t'ap mete lòt
moun li t'ap delivre yo nan gwoup la.

3 Yon jou, vè twazè konsa nan apremidi, Pyè ak Jan t'ap
moute nan tanp lan. Se te lè lapriyè. **2** Bò Bèl Pòt la
(se konsa yo te rele yon pòt nan tanp lan), te gen yon
nonm ki te enfim depi l' te fèt. Chak jou yo te pote l' bò Bèl
Pòt la pou l' te kapab mande moun k'ap antre nan tanp
lan lacharite. **3** Li wè Pyè ak Jan ki tapral antre, li mande
yo kichòy. **4** Pyè ak Jan fikse je yo sou li, epi Pyè di li:
Gade nou. **5** Nonm lan pran gade yo; li te kwè yo tapral
ba l' kichòy. **6** Lè sa a, Pyè di li: Mwen pa gen ni lajan ni
lò. Men, sa m' genyen an, m'ap ba ou li. Nan non Jezikri,
moun Nazarèt la, leve ou mache. **7** Li pran men dwat li, li
fè l' kanpe. Menm lè a tou, pla pye enfim lan ak zo jwenti
pye l' yo vin fèm. **8** Li fè yon sèl sote, li kanpe sou de
pye l', li pran mache. Li antre nan tanp lan avèk yo, li t'ap
mache, li t'ap ponpe, li t'ap fè lwanj Bondye. **9** Tout pèp la
te wè l' ap mache, ap fè lwanj Bondye. **10** Lè yo wè se
te nonm enfim ki te konn chita bò Bèl Pòt la ap mande
lacharite a, yo tout te pè. Yo sezi anpil pou sak te rive l'
la. **11** Nonm lan pa t' kite Pyè ak Jan yon pa. Tout moun
te sezi, yo kouri vin jwenn apòt yo sou Galeri Salomon
an. **12** Lè Pyè wè sa, li di pèp la: Nou menm moun laras
Izrayèl, poukisa nou sezi konsa? Poukisa n'ap plede gade
n' konsa? Gen lè nou konprann se nou menm ki fè nonm
sa a mache ak pwòp fòs kouraj nou osinon paske n'ap
sèvi Bondye? **13** Se Bondye Abraram, Izarak ak Jakòb,
Bondye zansèt nou yo k'ap fè lwanj sèvitè li, Jezi. Nou
menm, nou te lage l' nan men otorite yo, nou te voye l'
jete devan Pilat, atout Pilat li menm te vle lage li. **14** Jezi
se moun Bondye te chwazi a, li te mache dwat devan
Bondye, men nou voye l' jete, nou te pito mande Pilat
pou l' te lage yon ansasen ban nou. **15** Se konsa nou
touye Mèt ki bay lavi a. Men, Bondye fè l' leve soti vivan
nan lanmò. Nou se temwen tout bagay sa yo. **16** Nou wè
nonm sa nou konnen an, se pouvwa ki nan non Jezi a
mete ak konfyans nou gen nan non sa a ki ba li fòs ankò.
Se konfyans nou gen nan Jezi ki fè l' geri nèt, jan nou ka
wè l' la. **17** Enben, koulye a, frè m' yo, mwen rekonèt se
konnen nou pa t' konnen, nou menm ansanm ak tout chèf
nou yo, kifè nou te aji konsa avèk Jezi. **18** Men, depi nan
tan lontan, Bondye te fè konnen nan bouch pwofèt li yo ki
jan Kris li a te gen pou l' soufri. Se konsa sa l' te di a vin
rive vre. **19** Chanje lavi nou, tounen vin jwenn Bondye
pou l' ka efase peche nou yo. **20** Lè sa a, Bondye va fè
nou jwenn yon rafrechi pou nanm nou devan li, la voye
Jezikri, moun li te chwazi davans pou nou an. **21** Pou
koulye a, Jezi gen pou l' rete nan syèl la jouk lè Bondye
va vini pou mete tout bagay nan plas yo ankò, jan l' te fè
nou konnen l' lan nan bouch pwofèt li yo depi nan tan
lontan. **(aiōn g165)** **22** Se konsa Moyiz te di: Bondye, Mèt
nou an, gen pou l' voye yon pwofèt ban nou tankou l' te
voye m' lan. Se va yonn nan frè nou yo. Se pou nou koute
tou sa la di nou. **23** Nenpòt moun ki p'ap koute pwofèt sa

a, se pou yo disparèt li nèt nan mitan pèp Bondye a, se
pou yo touye li. 24 Tout pwofèt ki te pale depi Samyèl ak
tou sa ki te vin apre l' yo, yo tout yo te anonse tan sa
a. 25 Pwomès Bondye te fè pwofèt li yo di ak bouch yo,
se pou nou yo ye, lèfini nou gen pòsyon pa nou tou nan
kontra Bondye te fè avèk zansèt nou yo. Se sa l' te di
Abraram: Gremèsi pitit pitit ou yo, tout fanmi ki sou latè va
jwenn benediksyon. 26 Se konsa Bondye fè sèvitè l' la
parèt, li voye l' ban nou anvan pou l' beni nou, pou l' fè
nou tout kite mechanste nou yo.

4 Antan Pyè ak Jan t'ap pale ak pèp la, prèt yo,
kòmandan lagad tanp lan ak sadiseyen yo vin rive. 2
Yo te fache anpil dèske apòt yo t'ap moutre pèp la anpil
bagay, dèske yo t'ap anonse yo moun mouri kapab leve
menm jan Jezi te leve soti vivan nan lanmò. 3 Yo arete
yo, yo mete yo nan prizon pou jouk nan denmen paske
solèy te fin kouche. 4 Men, anpil moun ki te tande pawòl
la te kwè. Lè sa a, te gen senkmil (5.000) moun konsa ki
te kwè. 5 Nan denmen, chèf jwif yo, chèf fanmi yo ak
dirèktè lalwa yo sanble nan Jerizalèm. 6 Ladan yo te gen:
An, granprèt la, Kayif, Jan, Aleksann ansanm ak fanmi
granprèt la. 7 Yo fè mennen apòt yo devan yo, epi yo
mande yo: Kote n' pran pouvwa pou fè bagay sa a? Ki
moun ki ban nou dwa fè sa? 8 Lè sa a, Pyè vin anba
pouvwa Sentespri, li di yo: Mesye chèf pèp la ak chèf
fanmi yo: 9 Jòdi a y'ap poze nou keksyon sou yon byen
nou fè pou yon enfim, y'ap mande nou ki jan nonm sa a fè
geri. 10 Nou tout ki la a ansanm ak tout pèp Izrayèl la,
nou fèt pou nou konn sa: si nonm sa a kanpe devan nou
tou gaya, se gremesi Jezikri, moun Nazarèt nou te kloure
sou kwa a, men ki leve vivan soti nan lanmò ak pouvwa
Bondye. 11 Se Jezi menm yo t'ap pale nan pawòl sa a
ki ekri nan liv la: Wòch nou te voye jete lè nou t'ap bati
a, se li menm ki tounen wòch ki kenbe kay la. 12 Se li
menm sèl ki ka bay delivrans paske Bondye pa bay non
okenn lòt moun sou latè ki kapab delivre nou. 13 Manm
Gran Konsèy yo te sezi anpil lè yo wè ki jan Pyè ak Jan te
gen konviksyon nan sa yo t'ap di, paske yo te vin konnen
mesye sa yo se moun ki soti nan mas pèp la, ki pa t'
resevwa okenn enstriksyon. Chèf yo te rekonèt yo tou pou
moun ki te toujou avèk Jezi. 14 Men, yo pa t' jwenn anyen
pou reponn yo paske nonm ki te geri a te kanpe la devan
je yo bò kot Pyè ak Jan. 15 Yo mande apòt yo pou yo soti
nan pyès kote Gran Konsèy la te reyini an, epi yo pran
diskite bagay la yonn ak lòt. 16 Yo t'ap di konsa: Kisa pou
n' fè ak mesye sa yo? Paske, tout moun nan Jerizalèm
konnen byen pwòp se yo ki te fè gwo mirak sa a. Nou pa
ka di se pa vre. 17 Men, pou nouvèl la pa gaye plis nan
pèp la, n'ap kraponnen yo, n'ap defann yo pale ak pesonn
nan non Jezi. 18 Apre sa, yo fè rele apòt yo, yo pase yo
lòd pou yo pa janm pale ni moutre pèp la anyen nan non
Jezi. 19 Men, Pyè ak Jan reponn yo: Jije nou menm kisa
ki pi bon devan Bondye: Obeyi nou osinon obeyi Bondye?
20 Pou nou menm, nou pa kapab pa pale sa nou wè ak sa
nou tande. 21 Manm Gran Konsèy yo fè yo menas ankò.
Apre sa, yo lage yo. Yo pa t' kapab fè yo anyen paske tout
pèp la t'ap fè lwanj Bondye pou sa ki te rive a. 22 Nonm ki
te geri gremesi mirak apòt yo te fè a te gen karantan pase.
23 Lage yo lage yo, Pyè ak Jan al jwenn gwoup zanmi yo,
yo rakonte yo tou sa chèf prèt yo ak ansyen yo te di. 24
Lè disip yo tande sa, yo tout mete tèt ansanm pou lapriyè
Bondye konsa: O Mèt, se ou menm ki fè syèl la, tè a,
lanmè a ak tout sa ki ladan yo. 25 Pa pouvwa Sentespri,
se ou menm ki te pale nan bouch sèvitè ou, David, zansèt
nou, lè l' te di: Poukisa moun lòt nasyon yo t'ap toumante
kò yo konsa? Poukisa pèp yo t'ap fè plan ki p'ap sèvi yo
anyen konsa? 26 Wa latè yo pran pozisyon, chèf yo mete
tèt yo ansanm sou do Bondye ak sou do Moun li chwazi
a! 27 Se sa menm ki rive nan lavil sa a lè Ewòd ak Pons
Pilat mete tèt yo ansanm ak moun lòt nasyon yo ak tout
moun pèp Izrayèl la sou do Jezi, sèvitè ki t'ap viv pou ou
a, moun ou te chwazi a. 28 Yo fè tou sa ou menm, nan
tout pouvwa ou ak pwòp volonte ou, ou te deside davans
ki pou te fèt la. 29 Koulye a, Bondye, gade ki jan y'ap fè
nou menas. Bay sèvitè ou yo fòs pou yo ka fè konnen
mesaj ou a avèk konviksyon. 30 Lonje men ou pou yo ka
fè gerizon, mirak ak lòt bèl bagay nan non Jezi, sèvitè ki
te viv pou ou a. 31 Lè yo fin lapriyè, kote yo te ye a pran
tranble. Yo tout te anba pouvwa Sentespri, epi yo pran
anonse pawòl Bondye a avèk konviksyon. 32 Tout moun
ki te kwè yo te fè yon sèl kò, yo te gen menm santiman
yonn pou lòt, yo te gen yon sèl lide yonn anvè lòt. Pesonn
pa t' di byen li yo te pou tèt pa l' ase, men tou sa yonn
te genyen te pou tout moun. 33 Se avèk anpil pouvwa
apòt yo t'ap bay prèv ki jan Bondye te leve Jezi fè l' soti
vivan nan lanmò. Bondye menm te vide benediksyon l' an
kantite sou yo tout. 34 Pesonn nan mitan yo pa t' nan
nesesite. Sa ki te gen jaden, sa ki te gen kay, yo vann sa,
yo pote lajan an 35 renmèt apòt yo. Apre sa, yo te separe
lajan an bay chak moun dapre nesesite yo. 36 Se konsa,
te gen yon nonm yo rele Jozèf, yon moun Levi ki soti lil
Chip. Apòt yo te ba l' yon ti non Banabas, ki te vle di:
Nonm k'ap ankouraje a. 37 Enben, li vann yon jaden li te
genyen, li pote lajan an renmèt apòt yo.

5 Konsa tou, yon nonm yo te rele Ananyas ak Safira
madanm li vann yon tè yo te genyen. 2 Men, dakò ak
madanm li, Ananyas kenbe enpe nan lajan an pou li, epi li
al renmèt apòt yo rès la. 3 Lè sa a, Pyè di li: Ananyas,
ki jan ou fè kite Satan antre nan kè ou pou l' fè ou bay
Sentespri manti, pou l' fè ou kenbe enpe nan lajan tè a
pou ou? 4 Anvan ou te vann tè a, se pa pou ou li te ye?
Apre ou te fin vann li, tout lajan an te pou ou, pa vre?
Ki jan ou fè mete nan tèt ou pou fè yon bagay konsa?
Se pa moun ou bay manti non. Se Bondye ou twonpe.
5 Lè Ananyas tande pawòl sa yo, li tonbe, li mouri frèt.
Tout moun ki tande nouvèl la te pè anpil. 6 Men, kèk jenn
gason vini, yo vlope kò a; yo pran l', y' al antere li. 7
Twazèdetan apre, madanm Ananyas, ki pa t' konn sak te

rive, vin antre. 8 Pyè mande li: Di mwen, èske se pou pri
sa a nou te vann jaden an? Li reponn: Wi, se pou pri sa a.
9 Lè sa a, Pyè di li: Poukisa, ou menm ak mari ou, nou
fè konbinezon sa a ansanm pou n' chache pran Lespri
Bondye a nan pèlen? Koute: Moun ki antere mari ou la,
men yo la nan papòt la. Yo pral pote ou ale, ou menm tou.
10 Menm lè a, li tonbe atè nan pye Pyè, li mouri frèt. Jenn
gason yo antre, yo jwenn li mouri. Yo pran l', y' al antere
bò kot mari li. 11 Tout legliz la ak tout moun ki te tande
bagay sa yo te pè anpil. 12 Apòt yo t'ap fè anpil mirak
ak anpil bèl bagay nan mitan pèp la. Yo tout te reyini
ansanm anba Galeri Salomon an. 13 Tout moun te pè
mele ak yo, apa moun ki te kwè yo. Men, pèp la t'ap pale
byen sou yo. 14 Anpil moun, fanm kou gason, t'ap vin
jwenn disip yo paske yo te kwè nan Seyè a. 15 Lè sa a,
yo tanmen pote moun malad yo deyò nan lari. Yo mete
yo sou kabann, sou nat, yon jan pou lè Pyè vin ap pase
menm lonbray li te ka kouvri kèk nan yo. 16 Moun te soti
nan tout ti bouk ki nan vwazinaj Jerizalèm. Yo pote moun
malad ak moun move lespri t'ap toumante. Yo tout te geri.
17 Lè sa a, yon sèl jalouzi pran granprèt la ansanm ak
sadiseyen yo ki te patizan li. 18 Yo fè arete apòt yo, mete
yo nan gran prizon. 19 Men, nan mitan lannwit, yon zanj
Bondye louvri pòt prizon an, li fè apòt yo soti. Li di yo:
20 Ale kanpe nan mitan tanp lan, epi anonse pèp la tout
bagay sou jan pou yo viv koulye a. 21 Apòt yo obeyi zanj
lan: Nan granmaten, y' al nan tanp lan epi yo tanmen
moutre pèp la anpil bagay. Granprèt la ansanm ak patizan
l' yo sanble tout chèf fanmi nan pèp Izrayèl la, yo reyini
Gran Konsèy la. Apre sa, yo voye chache apòt yo nan
prizon an. 22 Men, lè gad yo rive nan prizon an, yo pa
jwenn yo. Yo tounen nan Gran Konsèy la, yo fè rapò yo.
Yo di: 23 Nou jwenn prizon an byen fèmen, avèk gad
yo nan pòs devan pòt prizon an. Men, lè nou louvri pòt
yo, nou pa jwenn pesonn anndan an. 24 Lè kòmandan
lagad tanp lan ak chèf prèt yo tande sa, yo t'ap mande
ki jan apòt yo fè disparèt, kisa ki te rive. 25 Men, yon
moun vin rive, li di yo: Mesye nou te mete nan prizon yo,
men yo nan tanp lan, y'ap pale ak pèp la. 26 Lè sa a,
kòmandan lagad la ale avèk gad li yo, li mennen apòt yo
tounen. Men, yo pa t' aji brital ak yo paske yo te pè pou
pèp la pa t' touye yo ak kout wòch. 27 Lè yo mennen
yo tounen, yo fè yo konparèt devan Gran Konsèy la. Epi
granprèt la pran poze yo keksyon. 28 Li di yo: Eske nou
pa t' defann nou pale ak pèp la nan non nonm sa a? Gade
sa n' fè. Nou gaye pawòl nou yo nan tout Jerizalèm. Nou
vle rann nou reskonsab lanmò nonm lan. 29 Pyè ansanm
ak lòt apòt yo reponn li: Se pou n' obeyi Bondye pase
pou n' obeyi moun. 30 Bondye zansèt nou yo te fè Jezi
leve soti vivan nan lanmò, Jezi nou te fè touye lè n' te
kloure l' sou kwa a. 31 Bondye fè l' moute chita sou bò
dwat li, li mete l' Chèf sou nou, li fè l' delivre nou. Li fè sa
pou bay pèp Izrayèl la yon bèl chans pou l' tounen vin
jwenn Bondye, pou l' resevwa padon pou peche l' yo. 32
Nou se temwen tout bagay sa yo, nou menm ansanm ak
Sentespri Bondye bay tout moun ki obeyi l' yo. 33 Lè yo
tande pawòl sa yo, manm Gran Konsèy yo fin pran chenn.
Tèlman yo te ankòlè, yo te vle fè touye apòt yo. 34 Men,
te gen yon farizyen nan mitan yo ki te rele Gamalyèl. Se
te yon dirèktè lalwa tout pèp la te respekte anpil. Li kanpe
nan mitan Konsèy la, li mande pou fè apòt yo soti yon ti
moman. 35 Apre sa, li di: Nou menm moun pèp Izrayèl,
pran tèt nou anvan nou fè sa nou pral fè ak mesye yo. 36
Sa pa gen lontan, yon nonm yo rele Tedas te parèt. Li te
pran pòz grannèg li. Li jwenn katsan (400) moun konsa ki
te mete tèt ansanm avè li. Yo touye l', epi tout moun ki
t'ap swiv li yo gaye. Se konsa mouvman an tonbe. 37
Apre sa, lè resansman an, te gen Jida, yon nonm Galile,
ki te parèt. Li te trennen yon bann moun dèyè li. Li menm
tou, yo touye li. Epi tout moun ki t'ap swiv li yo gaye tou.
38 Pou koulye a, men sa m'ap di nou: Pa okipe mesye sa
yo ankò. Kite y ale. Si plan travay yo a soti nan lèzòm, li
gen pou l' disparèt. 39 Men, si sa soti nan Bondye, nou
p'ap kapab kraze li. Atansyon pou se pa avèk Bondye nou
gen zafè! Manm Konsèy yo tonbe dakò avèk Gamalyèl.
40 Yo rele apòt yo ankò. Yo fè yo bat yo byen bat, yo pase
yo lòd pou yo pa pale nan non Jezi ankò. Apre sa yo lage
yo. 41 Apòt yo kite Gran Konsèy la. Yo te kontan dèske
Bondye te wè yo merite pou moun te avili yo konsa poutèt
non Jezi. 42 Toulejou, yo te nan tanp lan, yo t'ap mache
kay an kay, yo pa t' janm sispann moutre moun yo anpil
bagay. Yo t'ap anonse Bon Nouvèl ki pale sou Jezikri a.

6 Lè sa a, te vin gen anpil anpil disip. Ladan yo, jwif
ki te fèt nan peyi etranje epi ki te pale lang grèk la
vin gen kont ak jwif peyi a. Yo t'ap plenyen dèske vèv yo
pa t' jwenn anyen nan separe manje yo t'ap fè chak jou
a. 2 Douz apòt yo sanble tout disip yo, yo di: Li pa ta
bon pou n' neglije predikasyon pawòl Bondye a pou n' al
okipe sèvis manje a. 3 Se pou sa, frè m' yo, chwazi sèt
gason pami nou ki gen bon repitasyon, ki anba pouvwa
Sentespri, ki gen kont bon konprann sou yo. N'a ba yo fè
sèvis sa a. 4 Konsa nou menm, n'a toujou bay tout tan
nou pou lapriyè, ak pou fè moun konnen pawòl Bondye a.
5 Tout gwoup la te dakò avèk lide sa a. Yo chwazi Etyèn,
yon nonm ki te gen anpil konfyans nan Bondye epi ki te
anba pouvwa Sentespri, Filip, Pwokò, Nikanò, Timon,
Pamenas ak Nikola, yon nonm lavil Antiòch ki te konvèti
nan relijyon jwif yo. 6 Yo mennen yo bay apòt yo. Apòt yo
lapriyè epi yo mete men sou tèt yo. 7 Pawòl Bondye a
t'ap gaye. Disip yo t'ap vin pi plis toujou nan Jerizalèm.
Menm pami prèt yo, te gen anpil ki te asepte kwè pawòl
la. 8 Etyèn te yon nonm Bondye te beni anpil, li te gen
anpil pouvwa. Li t'ap fè gwo bèl bagay ak mirak nan mitan
pèp la. 9 Se konsa kèk moun leve dèyè li. Pami yo te gen
manm sinagòg yo rele sinagòg Ansyen Esklav yo. (Se
jwif lavil Sirèn ak lavil Aleksandri ki te ladan l'.) Yo menm
ansanm ak lòt jwif ki soti Silisi ak Lazi yo pran diskite ak
Etyèn. 10 Men, yo pa t' kapab kenbe tèt avèk li: Etyèn t'ap
pale avèk bon konprann Sentespri te ba li. 11 Lè yo wè
sa, yo peye kèk moun pou di: Nou tande l' ap pale mal

sou Moyiz ak sou Bondye. 12 Se konsa, yo moute tèt
pèp la ansanm ak chèf fanmi yo ak dirèktè lalwa yo. Y' al
kot Etyèn, yo mete men sou li, yo trennen l' devan Gran
Konsèy la. 13 Yo mennen lòt moun tou pou fè manti sou
li, yo t'ap di: Nonm sa a pa sispann pale mal sou tanp
Bondye a ak sou lalwa Moyiz la. 14 Nou tande l' di konsa:
Jezi, moun Nazarèt la, gen pou kraze tanp lan, l'ap chanje
tout koutim Moyiz te kite pou nou yo. 15 Tout moun ki
te chita nan sal reyinyon Gran Konsèy la te gen je yo
fikse sou Etyèn. Yo te wè figi l' te sanble ak figi yon zanj
Bondye.

7 Granprèt la mande Etyèn: Eske se vre? 2 Etyèn
reponn: Frè m' yo, grandèt mwen yo, koute. Bondye,
ki gen bèl pouvwa a, te parèt devan Abraram, zansèt nou.
Lè sa a, li te rete nan peyi Mezopotami, li pa t' ankò vin
rete Karan. 3 Bondye di l' konsa: Kite peyi ou la, kite tout
fanmi ou yo ladan l'. Ale nan peyi m'a moutre ou la. 4 Se
konsa, Abraram kite peyi kaldeyen yo, li al rete Karan.
Lè papa Abraram mouri, Bondye fè l' kite Karan vin nan
peyi kote n'ap viv koulye a. 5 Lè sa a, Bondye pa t' bay
Abraram okenn bitasyon nan peyi a, pa menm yon ti pous
tè. Men, Bondye te pwomèt li t'ap ba l' peyi a ki t'ap rete
nèt pou li ak pou pitit pitit li yo. Men, lè sa a Abraram
pa t' gen pitit. 6 Men sa Bondye te di l': Pitit pitit ou yo
gen pou y' al viv nan yon peyi etranje, kote y'ap fè yo
tounen esklav, kote y'ap maltrete yo pandan katsanzan
(400 an). 7 Men, Bondye di l' ankò: Se mwen menm k'ap
peni nasyon ki va pran yo fè esklav la. Apre sa, y'a soti
kite peyi etranje sa a, y'a vin sèvi m' isit la. 8 Apre sa,
Bondye pase yon kontra ak Abraram, li ba li sikonsizyon
an pou sèvi mak kontra a. Se konsa Abraram te sikonsi
Izarak, pitit gason l' lan, wit jou apre l' te fèt. Menm jan an
tou, Izarak te sikonsi Jakòb, pitit li a. Jakòb menm sikonsi
douz pitit li yo, zansèt douz branch fanmi pèp Izrayèl la. 9
Pitit Jakòb yo, zansèt nou yo, fè jalouzi pou Jozèf. Yo
vann li tankou yon esklav nan peyi Lejip. Men, Bondye te
kanpe la avèk Jozèf. 10 Li delivre l' nan tout malè li. Lè
Jozèf parèt devan farawon an, wa peyi Lejip la, Bondye
ba l' bon konprann, li fè l' aji yon jan ki fè wa a plezi.
Farawon an mete Jozèf chèf pou l' gouvènen tout peyi
Lejip la ansanm ak kay wa a tou. 11 Apre sa, vin gen yon
grangou nan tout peyi Lejip ak nan peyi Kanaran. Moun
t'ap soufri anpil. Zansèt nou yo pa t' jwenn anyen pou yo
te manje. 12 Lè Jakòb tande te gen manje nan peyi Lejip,
li voye zansèt nou yo la yon premye fwa. 13 Dezyèm fwa
y' ale a, Jozèf fè frè l' yo rekonèt li. Se konsa farawon an
vin fè konesans ak fanmi Jozèf yo. 14 Jozèf voye chache
Jakòb, papa l', ansanm ak tout fanmi li. Lè sa a, yo te
swasannkenz moun antou. 15 Jakòb desann nan peyi
Lejip. Se la li mouri, li menm ak tout zansèt nou yo. 16
Yo pote kò yo Sichèm, yo antere yo la, nan twou wòch
Abraram te achte nan men eritye Emò yo, lavil Sichèm.
17 Lè a t'ap pwoche pou Bondye te kenbe pwomès li te fè
Abraram lan. Pèp nou an te vin anpil, chak jou li t'ap vin pi
plis toujou nan peyi Lejip la. 18 Yon lòt wa ki pa t' konnen
anyen sou Jozèf te pran kòmandman peyi a. 19 Wa sa a
twonpe pèp nou an, li maltrete zansèt nou yo: li fòse yo
kite tibebe ki fenk fèt yo deyò pou yo mouri. 20 Se lè sa a
Moyiz te fèt: se te yon bèl pitit devan Bondye. Yo te kenbe
l' pandan twa mwa lakay papa li pou ba l' tete. 21 Men, lè
yo te lage l' deyò a, pitit fi farawon an te ranmase l': li elve
l' tankou pitit pa li. 22 Se konsa Moyiz te vin gen tout
konesans moun peyi Lejip yo. Sou jan l' te pale ak sa l'
t'ap fè, yo te wè msye te fò anpil. 23 Lè Moyiz vin gen
karantan, li fè lide al vizite frè l' yo, moun pèp Izrayèl yo.
24 Lè l' rive, li wè yon moun peyi Lejip ki t'ap maltrete
yonn nan frè l' yo, li pran defans nonm yo t'ap maltrete a.
Li pran revanj li sou moun peyi Lejip la, li touye li. 25 Li te
kwè frè l' yo ta konprann travay Bondye ki te chwazi l' pou
delivre yo a. Men, yo pa t' konprann sa. 26 Nan denmen,
Moyiz wè de nan moun pèp Izrayèl yo ki t'ap goumen.
Li te vle fè yo byen ankò, li di yo: Mezanmi, se frè nou
ye. Poukisa yonn ap maltrete lòt konsa? 27 Men, sa ki
t'ap maltrete moun pèp Izrayèl parèy li a bay Moyiz yon
zòp, li di l' konsa: Kilès ki mete ou la pou ban nou lòd,
osinon pou jije nou? 28 Gen lè ou vle touye m' menm jan
ou te touye moun peyi Lejip ayè a? 29 Lè Moyiz tande
pawòl sa yo, li kouri kite peyi a, li al viv nan peyi Madyan.
Antan l' te la, li fè de pitit gason. 30 Karantan apre sa,
yon zanj Bondye parèt devan Moyiz nan yon flanm dife
ki t'ap boule yon ti touf bwa nan mitan dezè ki bò Mòn
Sinayi a. 31 Moyiz te sezi lè l' wè aparisyon sa a. Antan
l' t'ap pwoche pou gade l' pi pre, li tande vwa Bondye
ki t'ap di: 32 Se mwen menm ki Bondye zansèt ou yo,
Bondye Abraram, Bondye Izarak ak Bondye Jakòb. Moyiz
pran tranble sitèlman li te pè. Li pa menm louvri je l' pou l'
gade. 33 Lè sa a Bondye di l' ankò: Wete sapat ou, paske
kote ou ye a se yon tè ki apa pou Bondye. 34 Mwen wè
tray pèp mwen an ap pase nan peyi Lejip, mwen tande
jan li ap plenn, mwen desann vin delivre yo. Koulye a, ale
non. Se mwen menm k'ap voye ou nan peyi Lejip. 35
Moun pèp Izrayèl yo te voye Moyiz jete lè yo te di: Kilès
ki mete ou la pou ban nou lòd osinon pou jije nou? Se
menm Moyiz sa a Bondye te voye pou kòmande yo, pou
delivre yo avèk konkou zanj ki te parèt nan ti touf bwa
a. 36 Se Moyiz ki fè pèp Izrayèl la soti kite peyi Lejip,
avèk tout mirak ak tout bèl bagay li te fè nan peyi a bò
lanmè Wouj la ak nan dezè a pandan karantan. 37 Se
menm Moyiz sa a ki te di pèp Izrayèl la: Bondye gen pou
l' voye yon pwofèt ban nou tankou l' te voye m' lan: se va
yonn nan frè nou yo. 38 Se li menm ki te la ak pèp Izrayèl
la lè yo te sanble nan gwo dezè a; li te la avèk zansèt
nou yo ansanm ak zanj Bondye a ki t'ap pale avè l' sou
gwo mòn Sinayi a. Se li menm ki te resevwa pawòl ki bay
lavi a nan men Bondye epi ki pase yo ban nou. 39 Men,
zansèt nou yo pa t' vle obeyi l'; yo mete l' sou kote, epi yo
te anvi tounen Lejip. 40 Yo di Arawon: Fè lòt bondye ki
pou mache devan nou, paske nou pa konnen sa ki rive
nonm yo rele Moyiz la ki te fè nou soti kite peyi Lejip la.
41 Lè sa a, yo fè yon estati an fòm yon ti towo bèf, epi yo

touye bèt ofri bay zidòl la. Yo te kontan pou sa yo te fè
ak men yo a. 42 Men, Bondye vire do l' ba yo, li kite yo
adore zetwal ki nan syèl la, jan sa te ekri nan Liv pwofèt
yo: Nou menm pèp Izrayèl, èske se pou mwen nou te fè
ofrann bèt ak lòt sakrifis, pandan karantan nou pase nan
gwo dezè a? 43 Non, se pa t' pou mwen. Men, nou redi
pote wogatwa zidòl Molòk la, ansanm ak pòtre zetwal
Refan, bondye nou an, bann zidòl nou te fè ak men nou
pou n' adore! Se poutèt sa, m'ap voye nou jouk lòt bò
Babilòn. 44 Nan gwo dezè a, zansèt nou yo te gen yon
tant kote yo te fèmen de wòch plat lalwa yo. Yo te fè l' jan
Bondye te mande Moyiz pou l' fè l' la, dapre modèl li te
moutre Moyiz la. 45 Yo pase tant sa a bay grandèt nou yo
ki te vin apre. Grandèt nou yo menm te pote l' avèk yo lè
Jozye t'ap mennen yo pou yo pran peyi a nan men pèp
Bondye t'ap chase met deyò devan yo. Tant la rete la
jouk sou tan David. 46 David te jwenn favè Bondye, li te
mande l' pèmisyon pou l' te fè yon kay pou Bondye Jakòb
la. 47 Men se Salomon ki te bati kay la pou li. 48 Men,
Bondye ki anwo nan syèl la pa rete nan kay moun bati ak
men yo. Men sa pwofèt la di: 49 Syèl la se fòtèy kote m'
chita a. Se Bondye ki di sa. Tè a se yon ti ban pou m'
lonje pye mwen. Ki kalite kay nou ta ka bati pou mwen?
Ki kote nou ta ka ban mwen pou m' poze kò m'? 50 Eske
se pa mwen ki fè tout bagay sa yo? 51 Ala moun gen tèt
di! Tankou moun lòt nasyon yo, nou fèmen kè nou, nou
fèmen zòrèy nou bay Bondye, n'ap kenbe tèt ak Sentespri
toujou. Nou tankou zansèt nou yo. 52 Kilès nan pwofèt yo
zansèt nou yo pa t' pèsekite? Yo te touye tout pwofèt ki te
fè konnen davans ki jan Sèvitè Bondye a te gen pou vini.
Koulye a, se Sèvitè Bondye a menm nou trayi, se li menm
nou touye. 53 Se nou menm ki te resevwa lalwa Moyiz
nan men zanj Bondye yo, epi se nou menm ankò ki pa
obeyi li. 54 Lè manm Gran Konsèy yo tande pawòl sa yo,
yo fin pran chenn, yo manje dan yo sou Etyèn sitèlman yo
te an kolè. 55 Men Etyèn, anba pouvwa Sentespri, leve je
l' anlè, li gade syèl la. Li wè tout bèl pouvwa Bondye a
ansanm ak Jezi kanpe sou bò dwat Bondye. 56 Li di:
Gade, men mwen wè syèl la louvri, ak Moun Bondye voye
nan lachè a kanpe sou bò dwat Bondye. 57 Moun yo pran
rele byen fò, yo bouche zòrèy yo. Epi yo tout tonbe sou li
ansanm. 58 Yo trennen l' deyò lavil la. Yo touye l' ak kout
wòch. Moun ki t'ap akize Etyèn yo te mete rad yo nan pye
yon jenn gason yo te rele Sòl. 59 Pandan yo t'ap voye
wòch sou Etyèn, Etyèn menm t'ap lapriyè, li t'ap di: Seyè
Jezi, resevwa lespri mwen. 60 Apre sa, li tonbe ajenou, li
rele byen fò: Seyè, pa mete peche sa a sou kont yo. Lè l'
fin di sa, li mouri.

8 Sòl menm te dakò pou yo te touye Etyèn. Menm jou sa
a, yo kòmanse pèsekite legliz Jerizalèm lan anpil. Tout
disip yo gaye kò yo nan peyi Jide ak nan peyi Samari.
Se apòt yo sèlman ki te rete Jerizalèm. 2 Kèk moun ki
renmen Bondye te antere Etyèn, yo te kriye anpil pou li. 3
Sòl menm te soti pou l' fini ak legliz la. Li mache kay an
kay, li trennen tout moun ki kwè yo rache yo met deyò pa
fòs, li fè fèmen fanm kou gason nan prizon. 4 Disip ki
te gaye nan peyi a t'ap anonse bon nouvèl la toupatou.
5 Se konsa Filip al nan yon lavil peyi Samari. Rive la li
tanmen pale sou Kris la bay moun yo. 6 Foul moun yo
mete tèt yo ansanm, yo t'ap swiv sa Filip t'ap di yo: yo
t'ap koute l', yo t'ap wè mirak li t'ap fè. 7 Move lespri yo
t'ap pouse gwo rèl lè Filip t'ap chase yo soti sou anpil
moun malad. Li te geri anpil moun paralize ak moun enfim
tou. 8 Se konsa te gen yon gwo kontantman nan tout
lavil la. 9 Nan lavil sa a te gen yon nonm yo rele Simon.
Metye l' se fè maji. Simon sa a te yon sezisman pou tout
moun Samari. Li te fè tèt li pase pou yon grannèg. 10 Tout
moun, piti kou gran, t'ap swiv tou sa li t'ap fè. Yo t'ap di:
Nonm sa a gen pouvwa Bondye, sa yo rele gwo pouvwa
a, nan tèt li. 11 Se konsa yo t'ap swiv tou sa li t'ap fè
paske depi lontan yo te egare devan maji l' yo. 12 Men, lè
Filip anonse bon nouvèl peyi kote Bondye wa a, lè l' fè yo
konnen non Jezi Kris la, moun yo kwè pawòl la; fanm kou
gason resevwa batèm. 13 Ata Simon te kwè. Li menm tou
li te resevwa batèm. Apre sa, li te toujou avèk Filip, li te
sezi wè bèl bagay ak mirak li t'ap fè. 14 Apòt yo menm
ki te lavil Jerizalèm, lè yo tande moun Samari te asepte
pawòl Bondye a, yo voye Pyè ak Jan bò kote yo. 15 Lè
Pyè ak Jan rive Samari, yo lapriyè pou moun ki kwè yo
pou yo te kapab resevwa Sentespri, 16 paske Sentespri
a pa t' ankò desann sou okenn nan yo. Yo te resevwa
batèm nan non Seyè Jezi a sèlman. 17 Lè sa a, Pyè
ak Jan mete men sou tèt yo, yo resevwa Sentespri. 18
Simon te wè jan moun yo te resevwa Sentespri lè apòt yo
mete men sou tèt yo. Li ofri Pye ak Jan lajan. 19 Li di yo:
Ban m' pouvwa sa a tou, pou lè m' mete men m' sou tèt
yon moun li ka resevwa Sentespri a tou. 20 Men, Pyè di li:
Al mouri ansanm ak tout lajan ou lan! Sa Bondye fè kado,
ou kwè moun ka achte sa ak lajan? 21 Nan travay sa a,
pa gen anyen pou ou; ou pa gen dwa ladan l' paske kè ou
pa dwat devan Bondye. 22 Wete move lide sa a nan tèt
ou, lapriyè Bondye pou ou wè si la padonnen ou dèske ou
te fè lide sa a. 23 Paske mwen wè kè ou anmè kou fyèl,
peche fin mare nanm ou. 24 Lè sa a, Simon di Pyè ak
Jan konsa: Tanpri souple, lapriyè Bondye pou mwen, pou
anyen nan sa nou di a pa rive mwen. 25 Lè Pyè ak Jan
fin rann temwayaj sa a, lè yo fin bay mesaj Bondye a, yo
tounen lavil Jerizalèm. Sou tout wout la, yo t'ap bay bon
nouvèl la nan anpil bouk peyi Samari. 26 Yon zanj Bondye
pale ak Filip, li di li: Leve non! Al nan direksyon sid, sou
wout ki soti lavil Jerizalèm pou desann Gaza a. (Wout sa
a, moun pa fasil pase sou li ankò.) 27 Filip leve, li pati.
Antan l' sou wout la, yon nonm parèt devan l'; se te yon
moun peyi Letiopi, yon nèg konfyans. Li te yon gwo chèf
nan peyi Letiopi. Se li menm ki te reskonsab tout richès
Kandas, larenn peyi a. Li te moute lavil Jerizalèm pou
adore Bondye. 28 Antan li t'ap tounen nan peyi l', li te chita
nan cha li, li t'ap li nan liv pwofèt Ezayi a. 29 Sentespri di
Filip konsa: Leve pye ou, rive toupre cha a. 30 Filip kouri
ale bò cha a, li tande moun peyi Letiopi a ki t'ap li nan liv

pwofèt Ezayi a. Li mande li: Eske ou konprann sa w'ap li
la a? 31 Nonm lan reponn li: Ki jan pou m' fè konprann si
m' pa jwenn moun pou esplike mwen? Epi li mande Filip
pou l' moute nan cha a, vin chita bò kote li. 32 Men pasaj
li t'ap li nan liv la: Li te tankou yon mouton yo t'ap mennen
labatwa. Li te tankou yon ti mouton ki pa janm rele lè y'ap
taye lenn sou do li. Li pa janm louvri bouch li di anyen.
33 Yo te desann li ba anpil, yo refize fè l' jistis. Pesonn
p'ap nonmen non pitit pitit li. Paske, lavi l' sou latè fini nèt.
34 Chèf peyi Letiopi a mande Filip: Di m' non, ki moun
pwofèt la ap pale konsa: tèt pa l' osinon yon lòt moun? 35
Filip pran pale: li kòmanse avèk pasaj li t'ap li nan liv la, li
fè l' konnen bon nouvèl ki pale sou Jezi a. 36 Antan yo
prale konsa, yo rive yon kote ki te gen dlo. Lè sa a, nonm
peyi Letiopi a di li: Bon, men dlo. Kisa ki pou anpeche m'
resevwa batèm? 37 Filip di li: Si ou kwè ak tout kè ou, ou
ka resevwa batèm. Nonm lan reponn li: Mwen kwè Jezikri
se Pitit Bondye a. 38 Apre sa, li fè yo rete cha a. Filip
desann nan dlo a ansanm ak gwo chèf la. Filip batize li.
39 Lè yo soti nan dlo a, Lespri Bondye fè Filip disparèt,
gwo chèf la pa janm wè l' ankò. Men, li kontinye chemen l'
ak kè kontan. 40 Filip menm rete konsa li wè li lavil Azòt.
Apre sa, li pran mache. Nan tout ti bouk kote l' pase, li
anonse bon nouvèl la jouk li rive lavil Sezare.

9 Men Sòl, bò pa li, pa t' sispann menase touye disip
Seyè yo. li al jwenn granprèt la. 2 Li mande l' lèt
otorizasyon pou tout sinagòg ki nan lavil Damas. Konsa,
tout moun li ta jwenn k'ap swiv chemen Bondye a, fanm
kou gason, li te ka arete yo, mare yo mennen Jerizalèm.
3 Antan l' te sou wout la, prèt pou rive lavil Damas, li rete
konsa yon limyè soti nan syèl la, li klere tout kote l' te
ye a. 4 Sòl tonbe atè, epi l' tande yon vwa ki di li: Sòl,
Sòl, poukisa w'ap pèsekite mwen konsa? 5 Li reponn: Ki
moun ou ye, Mèt? Vwa a reponn li: Mwen se Jezi, moun
w'ap pèsekite a. 6 Leve, antre lavil la. Se la y'a di ou sa
ou gen pou fè. 7 Moun ki t'ap vwayaje ansanm ak Sòl yo
te rete san di yon mo: yo te tande vwa a byen klè, men
yo pa t' wè pesonn. 8 Sòl leve atè a, li louvri je l' men li
pa t' kapab wè anyen. Yo pran men l', yo mennen l' lavil
Damas. 9 Li rete la twa jou san wè, san manje, san bwè.
10 Nan lavil Damas te gen yon disip ki te rele Ananyas.
Seyè a parèt devan l' nan yon vizyon, li rele li: Ananyas.
Ananyas reponn: Men mwen, Seyè. 11 Seyè a di li: Leve
koulye a, ale nan Ri Dwat la lakay Jida, mande pou yon
nonm yo rele Sòl, moun lavil Tas. L'ap lapriyè kote l' ye a,
12 li fè yon vizyon: li wè yon nonm yo rele Ananyas antre
vin mete men sou tèt li pou l' kapab wè ankò. 13 Ananyas
reponn: Seyè, mwen tande nan bouch anpil moun kantite
mechanste li fè moun pa ou yo pase lavil Jerizalèm. 14
Epitou li vin isit la ak pouvwa pou l' arete dènye moun
k'ap rele non ou. Se chèf prèt yo menm ki ba l' pouvwa sa
a. 15 Men, Seyè a di li: Ale. Paske nonm sa a, mwen
chwazi l' pou sèvis mwen, pou l' fè tout moun konnen non
mwen, moun lòt nasyon yo ak tout wa yo ansanm ak pèp
Izrayèl la. 16 Mwen menm, m'a moutre l' tou sa li gen pou
l' soufri pou mwen. 17 Ananyas ale, li antre nan kay la, li
mete men l' sou tèt Sòl, li di li: Sòl, frè mwen, Seyè Jezi
voye m' kote ou. Se li menm ki te parèt devan ou sou
granchemen an lè ou t'ap vini an. Li voye m' pou ou ka wè
ankò, pou ou vin anba pouvwa Sentespri. 18 Menm lè a,
bagay tankou kal pwason sot tonbe nan je Sòl, epi l' wè
ankò. Sòl leve, li resevwa batèm. 19 Apre sa, li manje epi
l' vin gen fòs ankò. Sòl rete pase kèk jou ankò ak disip ki
te Damas yo. 20 Menm lè a tou, li kòmanse bay mesaj
la nan sinagòg yo, li t'ap fè moun konnen Jezi se pitit
Bondye. 21 Tout moun ki te tande l' te sezi, yo t'ap di: Apa
nonm sa a ki t'ap maltrete tout moun ki t'ap rele non sa a
lavil Jerizalèm? Se pa li ki vin isit la toutespre pou arete
yo, pou mennen yo bay chèf prèt yo? 22 Men, Sòl t'ap
vin pi fò toujou. Li t'ap fèmen bouch tout jwif ki t'ap viv
Damas yo lè li t'ap moutre yo Jezi se moun Bondye te
chwazi pou l' voye a menm. 23 Kèk jou apre sa, jwif yo fè
konplo pou yo touye li. 24 Men, Sòl te pran nouvèl konplo
a. Lajounen kou lannwit yo t'ap veye pòtay lavil la pou
yo touye li. 25 Lè sa a, patizan Sòl yo pran l' nan mitan
lannwit, yo mete l' nan yon panyen, yo file l' desann lòt bò
miray lavil la. 26 Lè Sòl rive lavil Jerizalèm li te vle mete l'
ak disip yo, men yo tout te pè l': yo pa t' kwè li te yon disip
tout bon vre. 27 Lè sa a, Banabas pran l' avè l', epi li
mennen l' bò kot apòt yo. Li rakonte yo ki jan Sòl te wè
Seyè a sou wout la, ki jan Seyè a te pale avè li. Li di yo
tou ki jan nan lavil Damas Sòl te anonse bon nouvèl la
nan non Jezi avèk konviksyon. 28 Depi lè sa a Sòl te
toujou ak disip yo. Li t'ap ale vini ak yo nan tout Jerizalèm,
li t'ap bay mesaj la avèk konviksyon nan non Seyè a. 29
Li t'ap pale avèk jwif ki pale lang grèk la, li t'ap diskite
avèk yo. Men, yo menm yo t'ap chache touye li. 30 Lè frè
yo vin konn sa, yo mennen l' lavil Sezare, yo fè l' pati
pou Tas. 31 Lè sa a, legliz la te gen repo toupatou nan
Jide, nan Galile ak nan Samari. Li t'ap devlope, li t'ap viv
avèk krentif pou Bondye. Avèk konkou Sentespri, li t'ap
resevwa anpil moun toujou. 32 Pyè menm t'ap vwayaje
toupatou nan peyi a. Yon jou li te al lakay disip yo nan
lavil Lida, 33 li jwenn yon nonm yo te rele Ine ki te kouche
sou yon kabann depi witan. Nonm sa a te paralize. 34
Pyè di li: Ine, Jezikri ap geri ou. Leve non, ranje kabann
ou. Lamenm, Ine leve kanpe. 35 Tout moun ki t'ap viv
nan lavil Lida a ak nan laplenn Sawon an te wè li, epi yo
tounen vin jwenn Bondye. 36 Nan lavil Jope te gen yon
fanm yo te rele Tabita. (An lang grèk yo te rele l': Dòkas,
ki vle di: Ti Gazèl.) Se te yon patizan Jezi li te ye. Li t'ap
pase tout tan li ap fè byen epi li t'ap ede pòv yo anpil. 37
Lè sa a, li tonbe malad epi l' mouri. Yo benyen kò a, yo
mete l' nan chanm anwo kay la. 38 Lavil Jope pa t' twò
lwen ak lavil Lida. Lè disip ki te Jope yo vin konnen Pyè te
Lida, yo voye de moun bò kote l' avèk mesaj sa a: Tanpri,
pa mize vin lakay nou. 39 Pyè pati lamenm avèk yo. Lè l'
rive, yo mennen l' nan chanm ki te anwo kay la. Tout vèv
yo pwoche, yo t'ap kriye. Yo t'ap moutre l' chemiz ak rad
Dòkas te konn fè lè l' te la avèk yo. 40 Pyè fè tout moun

soti. Li mete jenou l' atè, li lapriyè. Apre sa, li vire bò kot
kò a, li di li: Tabita, leve non. Fanm lan louvri je l', lè l' wè
Pyè, li chita. 41 Pyè lonje men l' ba li, li fè l' leve kanpe.
Apre sa, Pyè rele disip yo ak vèv yo, li moutre yo Tabita
vivan. 42 Yo vin konn sa nan lavil Jope. Anpil moun mete
konfyans yo nan Seyè a. 43 Apre sa, Pyè rete lontan nan
lavil Jope, lakay yon bòs tanè yo rele Simon.

10 Nan lavil Sezare te gen yon nonm ki te rele Kònèy.
Li te kaptenn yon batayon sòlda moun peyi Itali nan
lame women an. 2 Kònèy te yon nonm ki t'ap sèvi Bondye
jwif yo. Li menm ak tout fanmi l', yo te gen krentif pou
Bondye. Li te fè anpil pou pòv yo pami pèp jwif la. Epi
se tout tan li t'ap lapriyè Bondye. 3 Yon jou apremidi, vè
twazè, li fè yon vizyon: aklè konsa, li wè yon zanj Bondye
antre lakay li. Zanj lan rele li: Kònèy! 4 Li gade zanj lan, li
te pè, li di l' konsa: Sak genyen, Mèt? Zanj lan reponn li:
Bondye asepte lapriyè ou yo ansanm ak tout byen ou te
fè pou pòv yo. Epi li chonje ou. 5 Koulye a, voye moun
lavil Jope, fè y' al chache yon nonm yo rele Simon (li gen
yon ti non Pyè). 6 Li fè ladesant lakay Simon, bòs tanè a,
ki gen kay li bò lanmè a. 7 Fini zanj Bondye a fin pale, li
ale. Kònèy rele de domestik ansanm ak yonn nan gad kò
l' ki t'ap sèvi Bondye jwif yo tou. 8 Li rakonte yo tou sak
te pase. Lèfini, li voye yo Jope. 9 Nan denmen, vè midi
konsa, yo te nan wout toujou, men yo te prèt pou rive
Jope. Menm lè sa a, Pyè moute anwo sou tèt kay la pou li
al lapriyè. 10 Grangou bare l', li te anvi manje. Pandan yo
t'ap pare manje pou li, li fè yon vizyon: 11 Li wè syèl la
louvri epi yon bagay t'ap desann soti ladan li. Bagay la te
tankou yon gwo dra mare nan kat bout li ki t'ap file desann
sou latè. 12 Te gen tout kalite bèt kat pat, tout kalite bèt
ki trennen sou vant ak tout kalite zwezo ladan li. 13 Li
tande yon vwa ki di l' konsa: Leve non, Pyè. Touye, lè ou
fini, manje. 14 Men, Pyè di: Non, Mèt. Mwen pa janm
manje move manje ni manje ki pa bon pou moun k'ap sèvi
Bondye. 15 Menm vwa a pale ankò, li di li: Bagay Bondye
di ki bon pou moun k'ap sèvi l', ou menm, pa di l' pa bon.
16 An twa fwa sa repete. Apre sa, lamenm bagay la moute
tounen nan syèl la. 17 Pyè menm pa t' konn ki sans pou l'
te bay vizyon li te fè a. Men, tout tan sa a, moun Kònèy te
voye yo t'ap mande ki bò kay Simon an te ye. Yo te rive
devan pòt la. 18 Yo rele moun, epi yo mande: Eske se isit
Simon yo rele Pyè a fè ladesant li? 19 Pyè t'ap kalkile
toujou sou sans pou l' te bay vizyon an, lè Sentespri di li:
Koute. Gen twa moun anba a k'ap mande pou ou. 20
Leve non, desann. Pati ak yo touswit, se mwen menm ki
voye yo. 21 Pyè desann, li al jwenn mesye yo, epi l' di yo:
Se mwen menm n'ap chache a. Kisak mennen nou isit la?
22 Yo reponn: Se kaptenn Kònèy ki voye nou. Nonm sa a,
se yon bon gason ki gen krentif pou Bondye. Tout pèp jwif
la konsidere l' anpil. Enben, yon zanj Bondye te di l' pou l'
te voye chache ou pou ou vin lakay li. Li bezwen tande sa
ou gen pou di l' la. 23 Pyè fè yo antre. Li fè yo pase nwit
lan avè li. Nan denmen, li leve, li pati ak yo. Kèk frè lavil
Jope ale avè l' tou. 24 Yo rive Sezare yon jou apre. Kònèy
t'ap tann yo ak tout fanmi l' ansanm ak kèk bon zanmi l' li
te envite lakay li. 25 Pyè fè sa pou l' antre, Kònèy kouri
vin devan l', li lage kò l' nan pye l', li bese tèt li byen ba
devan li. 26 Men, Pyè fè l' leve, li di l' konsa: Kanpe non,
monchè. Se yon moun mwen ye tou. 27 Pyè kontinye
pale avèk li. Yo antre nan kay la epi Pyè jwenn yon bann
moun ki te sanble. 28 Li di yo: Nou konnen sa pa fèt: jwif
pa gen dwa mele ak moun lòt nasyon ni mete pye lakay
yo. Relijyon l' pa penmèt sa. Men, Bondye fè m' konnen,
mwen pa gen dwa gade pesonn pou move moun ni pou
moun ki pa nan kondisyon pou sèvi Bondye. 29 Se poutèt
sa, voye ou voye rele m' lan, mwen pa fè ni yonn ni de,
mwen vini. Koulye a, mwen ta renmen konnen poukisa ou
voye chache m' lan. 30 Kònèy di li: Jòdi a fè kat jou, mwen
te lakay mwen, mwen t'ap lapriyè vè twazè konsa nan
apremidi. Mwen rete konsa, mwen wè yon nonm ki te gen
yon bèl rad byen klere sou li kanpe devan mwen. 31 Epi l'
di mwen: Kònèy, Bondye tande lapriyè ou, li chonje tout
byen ou fè pou pòv yo. 32 Voye yon moun lavil Jope al
rele Simon ki gen ti non Pyè a. Se lakay Simon, bòs tanè
ki bò lanmè a, li ye. 33 Menm lè a, mwen voye chache
ou, epi ou asepte vini. Koulye a, men nou tout la devan
Bondye, n'ap koute tou sa Bondye ba ou lòd di nou. 34
Pyè pran lapawòl, li di: Wi, koulye a, mwen konprann sa
se vre: Bondye pa gade sou figi moun. 35 Li kontan ak
tout moun nan tout nasyon ki gen krentif pou li epi ki fè sa
ki dwat devan li. 36 Nou konnen mesaj Bondye te voye
bay pèp Izrayèl la: li fè yo konnen bon nouvèl la ki di:
Bondye voye Jezi ki Mèt tout moun pou bay tout moun
kè poze. 37 Nou konnen sak te rive nan tout peyi Jide
a. Bagay sa yo kòmanse nan peyi Galile, apre batèm
Jan t'ap anonse a. 38 Nou konnen tou ki jan Bondye te
vide pouvwa Sentespri l' sou Jezi, moun Nazarèt la. Jezi
mache nan tout peyi a, li t'ap fè byen, li t'ap geri tout moun
ki te anba pouvwa Satan paske Bondye te kanpe avèk li.
39 Nou menm k'ap pale la a, nou temwen tou sa li te fè
nan peyi jwif yo ak nan Jerizalèm. Yo te touye l', yo te
kloure l' sou kwa a. 40 Men sou twa jou, Bondye fè l' leve
soti vivan nan lanmò. Apre sa, li fè moun wè li vivan. 41
Se pa tout moun non ki te wè li. Se nou menm ase ki te
wè li. Bondye te chwazi nou davans pou sèvi l' temwen.
Wi, nou manje avè l', nou bwè avè l' apre Bondye te fè l'
tounen vivan soti nan lanmò. 42 Li ban nou lòd mache fè
konnen bon nouvèl la bay pèp la, pou n' fè konnen se Jezi
menm Bondye mete pou jije tout moun san wete yonn, kit
yo vivan kit yo mouri deja. 43 Tout pwofèt yo te di sa sou
li: Nenpòt moun ki met konfyans yo nan Jezi va resevwa
padon pou tout peche yo gremesi non sa a. 44 Pyè t'ap
pale toujou lè Sentespri a desann sou tout moun ki t'ap
koute mesaj la. 45 Frè ki te soti lavil Jope ansanm ak
Pyè yo se jwif yo te ye. Yo te sezi wè ki jan Bondye te
bay moun ki pa jwif yo Sentespri l' an kantite. 46 Yo te
tande moun lòt nasyon yo ap pale nan lòt lang. Yo t'ap fè
lwanj Bondye, yo t'ap di jan li gen pouvwa. Lè sa a Pyè di:

47 Moun sa yo resevwa Sentespri menm jan avèk nou.
Koulye a, ki moun ki ka anpeche nou batize yo nan dlo
tou? 48 Epi li bay lòd batize yo nan non Jezikri. Apre sa,
yo mande Pyè pou l' rete pase kèk jou avèk yo.

11 Apòt yo ansanm ak frè yo ki te nan Jide te tande
ki jan moun ki pa jwif yo te resevwa pawòl Bondye
a tou. 2 Lè Pyè tounen moute Jerizalèm, jwif ki te kwè
yo tanmen kritike li. 3 Yo di l' konsa: Apa ou antre lakay
moun ki pa sikonsi, ou manje ak yo? 4 Lè sa a, Pyè
rakonte yo sak te pase nan tout ti detay. Li di yo: 5 Mwen
te lavil Jope, mwen t'ap lapriyè, lè m' fè yon vizyon. Mwen
wè yon bagay ki t'ap desann vin jwenn mwen, tankou yon
gwo dra mare nan kat bout, ki t'ap desann sot nan syèl la.
Li rive toupre mwen. 6 Lè m' gade byen gade, mwen wè
tout kalite bèt andedan li: bèt kat pat, bèt nan bwa, bèt ki
trennen sou vant ak zwezo. 7 Epi m' tande yon vwa ki di
m' konsa: Leve non, Pyè, touye, manje. 8 Men mwen di:
Non, Mèt. Mwen pa janm mete move manje osinon manje
ki pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye nan bouch mwen.
9 Menm vwa a pale ankò nan syèl la, li di mwen konsa:
Bagay Bondye di ki bon pou moun k'ap sèvi l', pa di l' pa
bon pou yo. 10 An twa fwa sa repete. Epi bagay la moute
tounen nan syèl la. 11 Menm lè a, twa moun ki te soti
Sezare vin rive nan kay kote m' te ye a. Yo te voye yo
chache mwen. 12 Lespri a di m' pati ak yo san rete ap
kalkile. Sis frè sa yo te al ansanm avè m' tou Sezare.
Nou tout nou antre lakay Kònèy. 13 Kònèy rakonte nou ki
jan l' te wè yon zanj Bondye kanpe nan mitan lakay li.
Zanj lan di li: Voye yon moun lavil Jope al rele Simon
(ki gen yon ti non Pyè). 14 Simon sa a va di ou pawòl
ki pou sove ou ansanm ak tout fanmi ou. 15 Mwen te
kòmanse pale lè Sentespri a desann sou yo menm jan li
te desann sou nou premye jou a. 16 Lè sa a, mwen vin
chonje sa Seyè a te di: Jan te batize nan dlo, men nou
menm nou gen pou n' resevwa batèm nan Sentespri a. 17
Konsa, Bondye te bay moun sa yo menm kado li te ban
nou an lè n' te mete konfyans nou nan Seyè Jezikri. Kisa
m' te ye menm pou m' te fè tèt ak Bondye? 18 Lè yo fin
tande pawòl sa yo, yo sispann kritike l', yo pran fè lwanj
Bondye. Yo t'ap di: Se vre wi. Bondye bay moun ki pa jwif
yo chans pou yo chanje, pou yo ka resevwa lavi tou. 19
Avèk pèsekisyon ki te tonbe sou yo apre lanmò Etyèn
lan, disip yo te gaye. Genyen ki te al jouk nan peyi Finisi,
nan lil Chip, ak lavil Antiòch. Men, yo t'ap anonse pawòl
la bay jwif yo sèlman. 20 Lè sa a, kèk disip ki te moun
Chip ak moun Sirèn al lavil Antiòch. Antan yo la a, yo pale
ak moun Lagrès yo; yo fè yo konnen bon nouvèl ki pale
sou Jezi Seyè a. 21 Pouvwa Bondye te avèk yo; anpil
nan moun Lagrès yo rive kwè, yo te tounen vin jwenn
Bondye. 22 Legliz Jerizalèm lan vin aprann nouvèl la. Li
voye Banabas lavil Antiòch. 23 Lè Banabas rive, li wè ki
jan Bondye t'ap beni disip yo. Li pa t' manke kontan, li
t'ap ankouraje yo pou yo tout te kenbe fèm ak tout kè yo
nan sèvis Seyè a san dekouraje. 24 Banabas sa a te
yon bon gason. Li te gen anpil konfyans nan Bondye, epi
Sentespri te kenbe l' anba pouvwa l' tout tan. Anpil moun
te vin kwè nan Seyè a. 25 Apre sa, Banabas ale lavil Tas,
li al chache Sòl. 26 Lè l' jwenn li, li mennen l' lavil Antiòch.
Yo pase yon lanne ansanm ap fè reyinyon ak legliz la. Yo
t'ap moutre anpil moun sa pou yo fè. Se nan lavil Antiòch
sa a premyè fwa yo te rele disip yo kretyen. 27 Lè sa a,
kèk pwofèt soti Jerizalèm rive Antiòch. 28 Yonn ladan
yo, ki te rele Agabis, leve epi avèk pouvwa Sentespri,
li fè konnen tapral gen yon gwo grangou sou tout latè.
(Grangou sa a te rive vre sou reny wa Klòd.) 29 Disip yo
deside pou chak moun bay sa yo kapab pou yo voye ede
frè yo ki te nan peyi Jide. 30 Se sa menm yo te fè. Apre
sa, yo voye Banabas ak Sòl pote sa yo te ranmase a bay
chèf fanmi yo ki te nan Jide.

12 Nan menm epòk sa a, wa Ewòd te pran maltrete
kèk manm nan legliz la. 2 Li fè touye Jak, frè Jan
an, ak nepe. 3 Lè l' wè sa te fè jwif yo plezi, li fè arete Pyè
tou. Se te epòk fèt Pen san ledven an. 4 Lè li fin arete
Pyè, Ewòd fè mete l' nan prizon. Li mete kat eskwad, yo
chak avèk kat sòlda, pou veye li. Li te fè lide pou l' te
mennen l' devan pèp la apre fèt Delivrans jwif yo. 5 Pyè
te anba gwo siveyans nan prizon an. Men, manm legliz yo
t'ap lapriyè Bondye pou li san rete. 6 Lavèy jou pou Ewòd
ta mennen Pyè konparèt devan pèp la, nan mitan lannwit
Pyè t'ap dòmi ak de sòlda, yonn sou chak kote li. Yo te
mare l' ak de chenn. Epi te gen gad devan pòt la ki t'ap
veye prizon an. 7 Yon zanj Bondye rete konsa li parèt,
yon limyè klere tout kacho a. Zanj lan manyen Pyè bò kòt,
li souke l', li di li: Leve vit. Chenn ki te mare men l' yo
tonbe. 8 Zanj lan di li: Mete sentiwon ou, mare sapat ou.
Pyè fè tou sa. Zanj lan di l' ankò: Mete gwo rad ou sou
ou, swiv mwen. 9 Pyè swiv zanj lan, li mache soti nan
kacho a. Li pa t' kwè sa zanj Bondye a t'ap fè a se te vre.
Li te kwè se reve l' t'ap reve. 10 Yo pase premye pòs gad
la, yo pase dezyèm pòs la, yo rive bò pòtay an fè ki bay
sou lavil la. Pòtay la louvri pou kont li devan yo. Yo soti,
yo pran lari. Menm lè a, zanj lan kite Pyè. 11 Se lè sa a
Pyè vin konprann sak te rive li a. Li di: Koulye a, mwen
wè se tout bon. Bondye voye zanj li delivre m' anba men
Ewòd. Li sove m' anba tout bagay pèp jwif la t'ap pare
pou mwen an. 12 Lè l' vin konprann sitiyasyon an, li ale
dwat kay Mari, manman Jan, ki te gen yon ti non Mak. Te
gen anpil moun sanble la, yo t'ap lapriyè. 13 Pyè frape
nan pòt devan an. Yon sèvant yo rele Wòd vin reponn. 14
Li rekonèt vwa Pyè. Li te sitèlman kontan, li pa louvri pòt
la, li kouri antre al di moun yo: Men Pyè deyò a wi. 15 Yo
di li: Gen lè ou pèdi tèt ou? Men, li te kenbe sa l' te di a se
vre. Lè sa a, yo di li: Se dwe bonnanj li. 16 Men, Pyè t'ap
frape pi rèd toujou. Lè yo louvri pòt la, yo wè l', yo pa t'
manke sezi. 17 Li fè yo siy ak men l' pou yo pa pale, epi l'
rakonte yo ki jan Bondye te fè l' soti nan prizon an. Li di
yo ankò. Al di Jak sa pou mwen ansanm ak lòt frè yo. Epi
l' soti, li al yon lòt kote. 18 Lè l' fè jou, gad yo te nan yon
pakèt tèt chaje. Yo t'ap mande kote Pyè pase. 19 Ewòd fè

chache l' toupatou, men yo pa jwenn li. Li fè keksyonnen
gad yo. Lèfini, li bay lòd touye yo. Apre sa, Ewòd kite peyi
Jide, li al lavil Sezare kote li pase kèk tan. 20 Ewòd te
fache anpil sou moun lavil Tir ak moun lavil Sidon yo. Sa
moun sa yo fè, yo mete ansanm pou yo vin kote li. Yo
pran tèt Blastis, yon ofisye ki t'ap travay lakay wa a. Epi y'
al mande Ewòd pou l' fè lapè ak yo, paske se nan peyi
Ewòd la moun lakay yo te konn ale fè pwovizyon. 21 Lè
jou yo te fikse a rive, Ewòd abiye l' ak tout kostim wa li
sou li, li chita sou gwo fotèy li a, epi l' fè yon diskou ba
yo. 22 Pèp la pran rele: Se pa yon moun k'ap pale la a,
se yon bondye. 23 Menm lè a, yon zanj Bondye frape
Ewòd, paske li te asepte resevwa lwanj ki fèt pou Bondye
sèlman. Vè tonbe sou li, epi li mouri. 24 Pawòl Bondye a
menm t'ap gaye plis toujou, li t'ap fè anpil avans. 25 Lè
Banabas ak Sòl fin fè misyon yo lavil Jerizalèm, yo tounen
lakay yo, yo pran Jan ki te gen ti non Mak la ak yo.

13 Nan legliz Antiòch la te gen kèk pwofèt ak moun ki
t'ap bay enstriksyon: se te Banabas, Simeon (yo te
rele Ti Nwa), Lisiyis, moun Sirèn, Manayèn (ki te grandi
ansanm ak Ewòd, gouvènè a), epi Sòl. 2 Yon jou, yo t'ap
fè sèvis pou Bondye, yo t'ap fè jèn, lè Sentespri di yo:
Mete Banabas ak Sòl apa pou mwen, pou yo fè travay
mwen chwazi pou yo fè a. 3 Lè sa a, yo fè jèn, yo lapriyè,
yo mete men sou tèt Banabas ak Sòl, epi yo kite yo ale. 4
Se konsa Sentespri te voye Banabas ak Sòl an misyon. Y'
al nan peyi Selesi. Antan yo la, yo pran yon batiman pou
lil Chip. 5 Lè yo rive Salamin yo tanmen anonse pawòl
Bondye a nan sinagòg jwif yo. Yo te gen Jan Mak avèk yo
pou ede yo. 6 Yo travèse tout lil la nèt jouk Pafòs. Rive la,
yo jwenn yon majisyen ki te rele Bajezi. Se te yon jwif ki
te pran pòz pwofèt li. 7 Li te bon zanmi ak Sèjiyis Polis,
chèf lil la. Sèjiyis Polis la te yon nonm lespri. Li fè rele
Banabas ak Sòl paske li te vle tande pawòl Bondye a. 8
Men, Elimas (se te non majisyen an nan lang grèk) t'ap
kenbe tèt ak yo. Li t'ap chache detounen gouvènè a pou l'
pa t' kwè. 9 Men, Sòl (yo te rele Pòl tou), anba pouvwa
Sentespri, fikse je l' sou majisyen an, 10 li di li: Ou menm,
ou se pitit Satan. Ou plen riz ak mechanste nan kè ou, ou
pa vle wè anyen ki bon. Eske ou p'ap sispann vire travay
Bondye a lanvè? 11 Koulye a, koute: Bondye pral mete
men sou ou: ou pral vin avèg, ou p'ap wè limyè solèy pou
kèk tan. Menm lè a, je Elimas vin bouche, li wè tou nwa.
Li t'ap vire adwat agoch, li t'ap chache yon moun pou pran
men l' pou kondi li. 12 Lè gouvènè a wè sak te rive a, li
kwè. Sa te frape l' anpil lè l' tande tou sa yo t'ap moutre li
sou Seyè a. 13 Pòl ak kanmarad li yo pran batiman nan
lavil Pafòs, y' al lavil Pèj nan peyi Panfili. Antan yo la, Jan
Mak kite yo, li tounen Jerizalèm. 14 Yo kite Pèj, yo pousib
wout yo jouk yo rive lavil Antiòch nan peyi Pisidi. Jou repo
a, yo antre nan sinagòg la, yo chita. 15 Apre moun yo te
fin li nan liv lalwa a ak nan liv pwofèt yo, chèf sinagòg la
voye di yo: Frè m' yo, si nou gen kèk pawòl pou ankouraje
asanble a, nou mèt pale koulye a. 16 Pòl leve kanpe, li fè
yon siy ak men l', epi li di: Nou menm moun ras Izrayèl,
ak nou menm moun lòt nasyon ki gen krentif pou Bondye,
koute mwen. 17 Bondye pèp Izrayèl la te chwazi zansèt
nou yo. Antan yo t'ap viv tankou etranje nan peyi Lejip, li
fè pèp la vin yon kantite. Apre sa, ak fòs ponyèt li, li fè yo
soti kite peyi a. 18 Pandan karantan, li pran pasyans ak
yo nan dezè a. 19 Li detwi sèt nasyon nan peyi Kanaran,
li pran tout tè yo, li bay pèp li a pou pwopryete pa yo,
20 pou katsansenkant (450) lanne. Apre sa, li mete jij
pou kòmande yo jouk pou rive nan tan pwofèt Samyèl.
21 Lè sa a, yo mande pou yon wa. Bondye ba yo Sayil,
pitit gason Kis la, moun branch fanmi Benjamen, pou wa
pandan karantan. 22 Lè li wete Sayil, li ba yo David pou
wa. Men sa Bondye te di sou David: Mwen jwenn David,
pitit gason Izayi a. Se yon nonm ki fè m' plezi. Li va fè tou
sa m' vle l' fè. 23 Se Jezi, yonn nan pitit pitit David yo,
Bondye mete pou delivre pèp Izrayèl la, jan l' te pwomèt
la. 24 Men, anvan Jezi te vini, Jan t'ap mache bay mesaj
sa a, li t'ap rele tout pèp Izrayèl la pou yo te tounen vin
jwenn Bondye, pou yo te resevwa batèm. 25 Lè Jan te
prèt pou fini ak misyon l' lan, li di pèp la: Ki moun nou
kwè mwen ye? Moun n'ap tann lan, se pa mwen. Men,
koute, moun sa a ap vini apre mwen. Mwen menm, mwen
pa bon ase pou m' ta demare kòd sapat ki nan pye li.
26 Frè m' yo, nou menm moun ras Abraram lan ak nou
menm moun lòt nasyon isit la ki gen krentif pou Bondye,
Bondye voye di nou li vin delivre nou. 27 Paske, moun
lavil Jerizalèm ansanm ak chèf yo pa t' konnen ki moun
Jezi te ye. Yo pa t' konprann sans pawòl pwofèt yo, pawòl
ki li nan zòrèy yo chak jou repo. Men, se yo menm ankò ki
fè tout pawòl sa yo rive vre lè yo te kondannen Jezi. 28
Atout yo pa t' jwenn anyen nan sa Jezi te fè ki pou ta fè l'
merite lanmò, yo te mande Pilat fè touye li. 29 Lè yo fin fè
tout bagay ki te ekri sou li nan liv yo rive vre, yo desann li
sou kwa a, yo mete l' nan yon kavo. 30 Men, Bondye fè l'
leve soti vivan nan lanmò. 31 Apre sa, pandan plizyè jou,
moun ki te moute Jerizalèm soti peyi Galile ansanm avèk
li yo, yo te wè l' ak je yo. Se yo menm k'ap sèvi l' temwen
koulye a devan pèp Izrayèl la. 32 Nou menm, nou vin
fè nou konnen bon nouvèl sa a isit la. Bagay Bondye te
pwomèt zansèt nou yo, 33 li fè l' pou nou ki pitit pitit yo: li
fè Jezi leve soti vivan nan lanmò, dapre sa ki ekri nan
Sòm de a: Ou se pitit mwen. Depi jòdi a se mwen ki papa
ou. 34 Bondye te fè konnen li t'ap fè l' soti vivan nan
lanmò pou l' pa t' janm tounen pouriti ankò. Se sa l' te fè
konnen, lè l' te di: M'a ba ou tout benediksyon mwen te
pwomèt David yo, ou mèt konte sou yo. 35 Se poutèt sa,
yon lòt kote li di konsa: Ou pa penmèt moun k'ap sèvi
ou la pouri anba tè. 36 Men, apre David te fin sèvi plan
Bondye nan mitan moun ki t'ap viv menm lè avè l' yo, li
mouri. Yo antere l' menm kote ak zansèt li yo, epi li pouri
anba tè. 37 Men, moun Bondye te leve soti vivan nan
lanmò a, li pa janm pouri anba tè. 38 -(we vèsè pwochen)
39 Frè m' yo, nou fèt pou nou konn sa byen: Bondye voye
Jezi fè nou konnen l'ap padonnen tout peche nou yo: tout
moun ki mete konfyans yo nan Jezi, y'ap delivre anba tout

peche lalwa Moyiz pa t' ka wete pou yo. **40** Atansyon
pou bagay pwofèt yo te di a pa rive nou: **41** Gade non,
nou menm k'ap meprize moun, sezisman pral touye nou.
Paske mwen pral fè yon travay koulye a nan mitan nou,
bagay nou pa ta kwè, menm si moun ta rakonte nou li. **42**
Antan Banabas ak Pòl t'ap soti nan sinagòg la, moun yo
mande yo pou yo tounen jou repo k'ap vini an pou pale
sou tout bagay sa yo ankò. **43** Apre reyinyon an, anpil jwif
ak anpil moun lòt nasyon ki te konvèti nan relijyon jwif yo
te swiv Pòl ak Banabas. Apòt yo menm te pale ak yo, yo
te ankouraje yo pou yo rete fèm nan favè Bondye. **44** Jou
repo ki vin apre a, prèske tout moun nan lavil la te sanble
pou tande pawòl Seyè a. **45** Lè jwif yo wè foul moun yo,
yo pran fè jalouzi: yo t'ap demanti tou sa Pòl t'ap di a, yo
t'ap joure li. **46** Men, Pòl ak Banabas di yo kareman: Se
nou menm premye moun ki pou te resevwa Pawòl Bondye
a. Men, n'ap repouse l', nou pa konsidere tèt nou bon ase
pou n' antre nan lavi ki p'ap janm fini an. Enben, koulye a
nou pral vire bò kote moun lòt nasyon yo. **(aiōnios g166)**
47 Men lòd Bondye te ban nou: Mwen mete ou pou sèvi
yon limyè pou lòt nasyon yo, pou ou kapab ale toupatou
sou latè, moutre ki jan tout moun ka jwenn delivrans. **48**
Lè moun lòt nasyon yo tande sa, yo pa t' manke kontan:
yo pran fè lwanj pawòl Bondye a. Tout moun Bondye te
chwazi davans pou resevwa lavi ki p'ap janm fini an te
kwè. **(aiōnios g166)** **49** Pawòl Bondye a t'ap gaye toupatou
nan peyi a. **50** Men, jwif yo moute tèt medam lasosyete ki
te konvèti nan relijyon jwif yo, ansanm ak grannèg lavil yo.
Yo tout yo pran pèsekite Pòl ak Banabas: yo mete yo
deyò nan peyi a. **51** Pòl ak Banabas souke pousyè pye yo
sou yo, y' ale lavil Ikoniòm. **52** Nan Antiòch menm, disip
yo te kontan anpil, Sentespri te plen kè yo.

14 Nan Ikoniòm, Pòl ak Banabas antre nan sinagòg
jwif yo tou. Yo pale sitèlman byen, anpil jwif ak
anpil moun lòt nasyon te kwè. **2** Men jwif ki pa t' kwè yo
moute tèt moun lòt nasyon yo, yo fè yo vire sou do Pòl ak
Banabas. **3** Pòl ak Banabas rete nan lavil la lontan ankò,
yo t'ap fè konnen favè Bondye a avèk anpil konviksyon,
paske yo te gen konfyans nan Seyè a. Seyè a menm te
bay disip yo pouvwa fè anpil bèl bagay ak anpil mirak pou
l' te moutre sa yo t'ap di a te vre. **4** Nan lavil la moun te
fè de kan: yon bò te gen patizan jwif yo, lòt bò a te gen
patizan apòt yo. **5** Jwif yo, moun lòt nasyon yo ansanm ak
chèf yo t'ap pare pou maltrete Pòl ak Banabas, pou touye
yo ak kout wòch. **6** Lè Pòl ak Banabas wè sa, yo kouri
met deyò, y' al nan peyi Likaoni, yo rete lavil List ak lavil
Dèb ak nan vwazinaj yo. **7** Yo t'ap anonse bon nouvèl la
la tou. **8** Nan List te gen yon nonm enfim ki te toujou rete
chita, paske de pye l' yo te paralize. Li te fèt tou konsa, li
pa t' janm mache menm. **9** Li t'ap koute sa Pòl t'ap di. Pòl
fikse je l' sou li, li wè nonm lan te gen kont konfyans nan
Bondye pou l' te geri. **10** Pòl pale byen fò, li di: Leve,
kanpe dwat sou de pye ou yo! Nonm lan vole kanpe, epi li
pran mache. **11** Lè foul moun yo wè sa Pòl te fè a, yo
pran rele an likaonyen, lang peyi a: Men bondye yo pran
fòm moun, yo desann vin jwenn nou. **12** Yo rele Banabas
Zeyis, yo rele Pòl Emès paske se li menm ki t'ap pale. **13**
Prêt ki sèvi nan tanp Zeyis ki te bò pòtay lavil la mennen
kèk towo bèf ak kolye flè devan pòtay la. Ansanm ak pèp
la, yo t'ap pare pou yo te fè ofrann bèt pou yo touye bay
Pòl ak Banabas. **14** Lè apòt yo tande sa, yo chire rad sou
yo, yo kouri nan mitan foul la, yo pale byen fò, yo t'ap di:
15 Mezanmi, sa n'ap fè konsa? Nou se moun tankou nou
tou: nou vin isit la anonse nou yon bon nouvèl: Se pou
nou kite tout zidòl sa yo ki pa vo anyen pou n' vire bò kot
Bondye ki vivan an. Se li menm ki fè syèl la, tè a, lanmè a
ansanm ak tout sa ki ladan yo. **16** Nan tan lontan, li te kite
tout nasyon swiv chemen pa yo. **17** Men, li te toujou ap fè
yo konnen ki moun li ye, li te fè anpil byen pou yo: li ban
nou lapli ki soti nan syèl la ak sezon rekòt. Li ban nou
manje an kantite, epi li fè kè nou kontan anpil. **18** Menm
avèk tout pawòl sa yo, se pa t' ti traka anvan apòt yo te
resi rive anpeche moun yo fè ofrann bèt yo. **19** Kèk jwif
soti Antiòch (ki nan peyi Pisidi) ak Ikoniòm. Yo pran tèt
foul la, yo kalonnen Pòl kout wòch pou yo touye li. Apre
sa, yo trennen l' mete andeyò lavil la, yo te kwè l' te mouri.
20 Men, lè disip yo vin sanble bò kote l', li leve kanpe,
epi l' tounen antre nan lavil la. Nan denmen, li pati avèk
Banabas, y' al lavil Dèb. **21** Pòl ak Banabas anonse bon
nouvèl la nan lavil Dèb. Yo te fè anpil disip la. Apre sa, yo
tounen, yo pase List, Ikoniòm, Antiòch (ki nan peyi Pisidi).
22 Yo t'ap bay disip yo fòs, yo t'ap ankouraje yo pou yo
rete fèm nan konfyans yo. Yo t'ap di yo: Nou gen pou nou
soufri anpil anvan pou n' antre nan peyi kote Bondye wa
a. **23** Nan chak legliz, yo chwazi kèk chèf fanmi. Yo fè jèn,
yo lapriyè. Apre sa, yo renmèt yo nan men Bondye, Seyè
ki te gen tout konfyans yo a. **24** Yo travèse peyi Pisidi, yo
rive nan Panfili. **25** Yo anonse pawòl Bondye a lavil Pèj.
Apre sa, yo desann Atali. **26** Antan yo la, yo pran batiman
pou Antiòch. Se la nan menm Antiòch sa a yo te renmèt
yo nan men Bondye ki te ba yo favè l' pou yo te al fè tout
travay yo sot fè a. **27** Lè yo rive Antiòch, yo reyini legliz
la, yo rakonte tou sa Bondye te ba yo pouvwa fè pou li, ki
jan li te louvri pòt pou moun ki pa jwif yo kapab kwè tou.
28 Apre sa, yo rete lontan avèk disip Antiòch yo.

15 Kèk mesye soti nan peyi Jide rive lavil Antiòch.
Yo t'ap moutre frè yo yon bann bagay, yo t'ap di:
Bondye p'ap kapab delivre nou si yo pa sikonsi nou, jan
lalwa Moyiz mande l' la. **2** Pòl ak Banabas pa t' dakò
menm ak moun sa yo. Sa te fè yon gwo diskisyon. Se
konsa, frè yo deside voye Pòl, Banabas ansanm ak kèk
lòt moun Antiòch moute Jerizalèm pou regle keksyon
sa a ak apòt yo ansanm ak chèf fanmi yo. **3** Se legliz
la ki te voye yo fè vwayaj sa a. Yo pase nan Finisi ak
nan Samari. Sou tout wout la, yo t'ap rakonte ki jan moun
ki pa jwif yo te tounen vin jwenn Bondye. Tout frè yo te
kontan anpil lè yo tande sa. **4** Lè yo rive Jerizalèm, tout
legliz la, apòt yo ak chèf fanmi yo te byen resevwa yo. Pòl
ak Banabas rakonte moun Jerizalèm yo tou sa Bondye te

ba yo pouvwa fè pou li. 5 Se lè sa a kèk disip, ansyen
patizan farizyen yo, kanpe, yo di: Se pou n' sikonsi moun
lòt nasyon yo tou. Se pou n' mande yo pou yo obeyi lalwa
Moyiz la tou. 6 Apòt yo ak chèf fanmi yo sanble pou
egzaminen keksyon an. 7 Lè yo fin diskite kont yo, Pyè
kanpe, li di yo: Frè m' yo, nou konnen ki jan, depi lontan,
Bondye te chwazi m' nan nou tout pou m' anonse bon
nouvèl la bay moun lòt nasyon yo, pou yo menm tou,
yo ka tande l' pou yo rive kwè nan Bondye. 8 Enben,
Bondye ki konnen sa ki nan kè moun, li moutre nou ki jan
li menm li asepte yo: li ba yo Sentespri menm jan li te fè l'
pou nou an. 9 Li pa t' fè okenn diferans ant yo menm ak
nou menm: nou wè li lave kè yo paske yo te kwè nan li.
10 Koulye a, poukisa pou n'ap seye fè plan ak Bondye
konsa, lè nou vle fè disip yo pote yon chay ni zansèt nou
ni nou menm nou pa t' ka pote? 11 Okontrè, nou kwè se
yon favè Jezikri fè nou lè l' delivre nou, menm jan li fè l'
pou yo tou. 12 Apre sa, tout moun pe bouch yo, yo t'ap
koute Banabas ak Pòl ki t'ap rakonte tout bèl bagay ak
tout mirak Bondye te ba yo pouvwa fè pou li nan mitan
moun lòt nasyon yo. 13 Lè yo fin pale, Jak pran lapawòl, li
di: Frè m' yo, koute mwen. 14 Simon fèk esplike nou ki
jan, depi nan konmansman, Bondye te pran swen moun
lòt nasyon yo pou l' te ka chwazi nan mitan yo yon pèp ki
pou pote non li. 15 Sou pwen sa a, pawòl pwofèt yo dakò
nèt. Men sa ki ekri nan Liv la: 16 Apre sa, m'a retounen.
Se Bondye k'ap pale. M'a rebati kay David la ki te fin
tonbe, m'a repare mazi li yo, m'a kanpe kay li a ankò. 17
Konsa, tout lòt moun yo va chache Bondye, ansanm ak
tout nasyon mwen chwazi pou pote non mwen. 18 Men
sa Bondye di. Se li menm ki fè nou konnen bagay sa yo
depi lontan. (aiōn g165) 19 Se poutèt sa, mwen menm,
Jak, mwen kwè nou pa dwe antrave moun lòt nasyon yo
ki vin jwenn Bondye. 20 Men, ann ekri yo, ann mande yo
pou yo pa manje vyann bèt yo te ofri pou touye pou zidòl,
pou yo egzante tout dezòd lachè, pou yo pa manje ni
vyann bèt ki mouri toufe, ni san. 21 Paske, depi lontan
lontan, y'ap fè konnen lalwa Moyiz la nan tout lavil yo.
Se chak jou repo y'ap li l' pou yo nan sinagòg yo. 22
Lè sa a, apòt yo, chèf fanmi yo ansanm ak tout legliz la
deside pou yo chwazi kèk moun pami yo ki pou vwayaje
al Antiòch ansanm ak Pòl ak Banabas. Yo chwazi Jid, ki
te rele Basabas, ak Silas, de moun frè yo te respekte
anpil. 23 Yo te ba yo lèt sa a pote ale: Apòt yo ak chèf
fanmi yo, ki frè nou, voye bonjou pou tout frè nan moun
lòt nasyon yo k'ap viv nan lavil Antiòch, nan peyi Siri ak
nan peyi Silisi. 24 Nou te vin konnen te gen moun ki soti
bò isit la al lakay nou. Yo pa t' manke boulvèse nou, yo pa
t' manke fatige nou ak pawòl yo t'ap di. Men, nou menm
nou pa t' ba yo okenn lòd konsa. 25 Se poutèt sa, nou
tout ki isit la, nou tonbe dakò pou nou chwazi kèk delege
n'ap voye bò kote nou. Y'ap vwayaje ansanm ak Pòl ak
Banabas, de frè nou renmen anpil, 26 ki te riske lavi yo
pou non Jezikri, Seyè nou an. 27 Se konsa, nou voye Jid
ak Silas ki va ban nou menm mesaj la ak pwòp bouch yo.
28 Pou Sentespri a ak pou nou menm, men sa nou jwenn
ki bon pou di nan keksyon sa a: Nou p'ap mete lòt chay
sou zepòl nou pase sa n' dwe mete. 29 Pa manje vyann
bèt ki te ofri pou zidòl, pa manje san, pa manje vyann bèt
ki mouri toufe, egzante tout dezòd lachè. N'a fè byen si
nou pa fè bagay sa yo. Bondye ak nou! 30 Apre sa, moun
legliz Jerizalèm yo kite delege yo ale. Delege yo pati pou
Antiòch. Lè yo rive, yo sanble tout moun ki te kwè yo, yo
renmèt yo lèt la. 31 Lè yo fin li lèt la pou yo, tout moun
te kontan pou bèl ankourajman lèt la te pote ba yo. 32
Jid ak Silas te de pwofèt. Yo pale lontan avèk frè yo, yo
ba yo kont ankourajman ak fòs. 33 Yo pase kèk tan nan
lavil Antiòch. Apre sa, frè yo swate yo bòn vwayaj ak kè
poze. Yo menm, yo tounen ale jwenn moun ki te voye yo.
34 Men, Silas te pran desizyon pou l' te rete. 35 Pòl ak
Banabas pase kèk tan nan Antiòch. Ansanm ak anpil lòt
frè, yo t'ap moutre moun yo anpil bagay, yo t'ap fè yo
konnen pawòl Seyè a. 36 Kèk tan apre, Pòl di Banabas
konsa: Ann al vizite frè yo ki nan tout lavil kote nou te
anonse Pawòl Seyè a. Ann al wè ki jan yo ye. 37 Banabas
te vle mennen Jan ki te gen ti non Mak la avèk yo. 38
Men, Pòl pa t' kwè se te yon bon lide pou yo te mennen
l', paske, dènye fwa a, li te pati kite yo nan Panfili, li pa
t' rete nèt ak yo jouk vwayaj la te fini. 39 Lè sa a, yon
diskisyon byen cho leve ant Pòl ak Banabas, tèlman yo
separe yonn ak lòt. Banabas pran Mak avèk li, yo pran
yon batiman, y' ale lil Chip. 40 Pòl menm chwazi Silas.
Apre frè yo fin renmèt li nan men Bondye k'ap ba l' favè l',
li pati. 41 Li pase nan peyi Siri ak peyi Silisi; sou tout wout
la li t'ap fòtifye legliz yo nan konfyans yo nan Bondye.

16 Apre sa, Pòl ale lavil Dèb epi l' rive lavil List. Nan
List te gen yon disip yo rele Timote. Manman l' te
yon jwif ki te kwè nan Jezi tou, men papa l' te yon moun
peyi Lagrès. 2 Frè ki t'ap viv nan List ak Ikoniòm yo te
bay bon rapò pou Timote. 3 Pòl te vle mennen l' avèk li.
Li pran l', li sikonsi l' paske tout jwif ki te nan peyi a te
konnen papa Timote te grèk. 4 Nan tout lavil kote yo pase
yo te mete disip yo an konesans desizyon apòt yo ak
ansyen yo te pran lavil Jerizalèm, yo t'ap mande yo pou
yo te soumèt devan desizyon an. 5 Tout legliz yo t'ap vin
pi fèm nan lafwa, chak jou yo t'ap gen plis moun toujou. 6
Sentespri pa t' kite Pòl ak Timote al anonse pawòl Bondye
a nan pwovens Lazi a. Se sak fè yo te pase nan zòn Friji
ak zòn Galasi san rete. 7 Lè yo rive toupre lavil Mizi, yo
te vle ale Bitini, men Lespri Jezi a pa t' pèmèt yo fè sa.
8 Yo pase nan Mizi san rete, yo desann lavil Twoas. 9
Nan mitan lannwit, Pòl fè yon vizyon: li wè yon nonm ki te
soti peyi Masedwan kanpe devan l' ki t'ap di li: Tanpri, vin
nan peyi Masedwan, vin pote nou sekou. 10 Apre Pòl
te fè vizyon sa a, lamenm nou chache pou n' ale peyi
Masedwan. Nou te sèten se Bondye menm ki te rele nou
pou n' te al pote bon nouvèl la bay moun ki nan peyi sa a.
11 Nou pran batiman lavil Twoas, nou fè vwal tou dwat
pou lil Samotras. Apre yon jou, nou rive lavil Neapolis.
12 Antan nou la, n' al lavil Filip, premye lavil nan distrik

Masedwan lan: Se te yonn nan koloni sou zòd lavil Wòm
yo. Nou pase plizyè jou nan lavil sa a. **13** Jou repo a, nou
soti, n' al lòt bò pòtay lavil la bò larivyè a. Nou t'ap chache
kote jwif yo te konn lapriyè a. Nou chita, nou t'ap pale ak
fanm ki te sanble la yo. **14** Yonn ladan yo te rele Lidi. Se
te moun lavil Tiyati, yon machann bèl twal koulè wouj
yo vann byen chè a. Li te konvèti nan relijyon jwif yo. Li
t'ap koute nou. Seyè a louvri lespri l' pou l' te swiv tou sa
Pòl t'ap di. **15** Li resevwa batèm, li menm ansanm ak
tout fanmi li. Apre sa, li envite nou vin lakay li. Li di nou:
Se pou n' vini, se pou n' fè ladesant lakay mwen, si nou
kwè mwen mete konfyans mwen tout bon nan Seyè a. Se
konsa li fòse nou rete lakay li. **16** Yon jou nou tapral kote
yo konn lapriyè a, nou kontre ak yon tifi. Se te yon sèvant,
li te gen yon move lespri sou li ki te fè l' konn pase kat
pou moun. Lè konsa tifi a te fè mèt li yo fè anpil lajan. **17**
Li tanmen swiv Pòl ak nou, li t'ap rele byen fò: Mesye
sa yo se sèvitè Bondye ki anwo nan syèl la. Y'ap fè nou
konnen chemen pou n' pran pou n' ka jwenn delivrans. **18**
Li t'ap fè sa pandan plizyè jou. Pòl menm te bouke ak fi a.
Li vire, li di lespri a: Nan non Jezikri, mwen ba ou lòd,
soti sou fi a. Menm lè a, lespri a soti sou li. **19** Lè mèt
sèvant lan wè yo te pèdi tout espwa fè lajan ak tifi a, yo
mete men sou Pòl ak Silas, yo trennen yo sou plas piblik
la devan otorite yo. **20** Yo mennen yo devan chèf lavil
Wòm yo, epi yo di: Mesye sa yo ap fè dezòd nan lavil nou
an. Se jwif yo ye. **21** Y'ap plede moutre moun yo yon
bann bagay lalwa nou an pa pèmèt. Nou menm, se moun
lavil Wòm nou ye, nou pa ka asepte fè bagay sa yo. **22**
Foul moun yo te moute kont yo tou. Chèf women yo fè
rache rad ki te sou Pòl ak Silas, epi yo bay lòd pou bat
yo ak fwèt. **23** Apre yo fin bat yo byen bat, yo mete yo
nan prizon. Yo bay chèf prizon an lòd pou veye mesye yo
byen. **24** Lè l' resevwa lòd sa a, chèf prizon an mete yo
nan kacho ki jouk nan fon prizon an. Epi l' mete pye yo
nan sèp. **25** Vè menwi konsa, Pòl ak Silas t'ap lapriyè, yo
t'ap chante fè lwanj pou Bondye. Lòt prizonye yo menm
t'ap koute. **26** Epi, yo rete konsa, tè a pran tranble byen
fò, li souke prizon an jouk nan fondasyon li. Menm lè a,
tout pòt prizon yo louvri, chenn tout prizonye yo kase. **27**
Chèf prizon an leve. Lè l' wè tout pòt prizon yo louvri, li
rale nepe l', li tapral touye tèt li paske li te kwè prizonye yo
te sove. **28** Men, Pòl kriye byen fò: Pa fè tèt ou mal. Nou
tout la. **29** Lè chèf prizon tande sa, li mande yon chandèl,
li kouri nan kacho a. Li lage kò l' atè nan pye Pòl ak Silas.
Li t'ap tranble kou yon fèy bwa tèlman li te pè. **30** Apre sa,
li fè yo soti, li mande yo: Mesye, kisa m' dwe fè pou m'
delivre? **31** Yo reponn li: Mete konfyans ou nan Seyè Jezi,
epi wava delivre, ou menm ansanm ak tout fanmi ou. **32**
Epi yo fè l' konnen pawòl Seyè a, limenm ansanm ak tout
moun ki te lakay li. **33** Menm lè a, nan mitan lannwit lan, li
pran yo, li mete renmèd sou tout kote yo te blese. Lèfini,
Pòl ak Silas batize l' ansanm ak tout fanmi li. **34** Chèf
prizon an fè yo moute lakay li, li ba yo manje. Nonm lan te
kontan anpil ansanm ak tout fanmi l' paske koulye a yo te
kwè nan Bondye. **35** Lè solèy fin leve, chèf moun lavil
Wòm yo voye gad di chèf prizon an: Lage mesye yo. **36**
Chèf prizon an ale di Pòl: Chèf yo voye di pou yo lage
nou. Nou mèt soti koulye a. Ale ak kè poze. **37** Men, Pòl
di gad yo konsa: Gade non! Se sitwayen lavil Wòm nou
ye wi. Yo bat nou devan tout moun san yo pa jije nou
jan yo te dwe fè l' la. Apre sa, yo mete nou nan prizon.
Koulye a yo vle lage nou an kachèt. Non, nou pa nan sa.
Se chèf moun lavil Wòm yo menm ki pou vin mete nou
deyò. **38** Gad yo al rapòte pawòl sa yo bay chèf yo. Lè
chèf yo tande se sitwayen lavil Wòm mesye yo te ye, yo
soti pè. **39** Yo vin eskize yo bò kote apòt yo, yo lage yo.
Lèfini yo mande yo pou kite lavil la. **40** Lè apòt yo soti nan
prizon an, yo antre lakay Lidi. Yo wè frè yo, yo ba yo kèk
pawòl ankourajman, epi yo pati, y' ale.

17 Yo pase lavil Anfipolis ak lavil Apoloni, yo rive lavil
Tesalonik kote jwif yo te gen yon sinagòg. **2** Jan l' te
konn fè a, Pòl antre nan sinagòg la. Pandan twa jou repo
li diskite ak jwif yo sou sak te ekri nan Liv yo. **3** Li t'ap ba
yo esplikasyon, li t'ap moutre yo ki jan, dapre sa ki te ekri
a, Kris la te gen pou l' soufri, li te gen pou l' te leve soti
vivan nan lanmò. Li t'ap di yo: Jezi m'ap fè nou konnen
an, se li menm ki Kris la. **4** Te genyen nan jwif yo ki te
kwè, yo pran mache ansanm ak Pòl ak Silas. Se konsa
yon bann moun peyi Lagrès ki te konvèti nan relijyon jwif
yo ansanm ak anpil gran medam te kwè tou. **5** Men, jwif
yo t'ap fè jalouzi anpil. Yo pran kèk vakabon yo jwenn nan
lari a ak yo, yo sanble yon foul moun, yo mache fè dezòd
nan tout lavil la. **6** Yo rive devan kay Jazon, yo antre al
chache Pòl ak Silas pou mennen yo devan pèp la. Lè yo
pa jwenn yo, yo trennen Jazon ansanm ak kèk frè devan
chèf yo ki nan lavil la. Yo pran pale byen fò, yo t'ap di:
Mesye sa yo ap mache fè dezòd toupatou. Men, koulye a
yo rive jouk isit la. **7** Jazon menm resevwa mesye yo
lakay li. Mesye sa yo ap aji kont lalwa Seza: y'ap di gen
yon lòt wa yo rele Jezi. **8** Jwif yo te mete foul moun yo
ansanm ak chèf yo ankòlè anpil avèk pawòl sa a. **9** Jazon
ak lòt frè yo te blije fè yon depo lajan pou chèf yo te ka
lage yo. **10** Lè solèy fin kouche, frè yo fè Pòl ak Silas pati
pou lavil Bere. Lè yo rive la, y' al nan sinagòg jwif yo. **11**
Jwif Bere yo te gen pi bon santiman pase sa Tesalonik
yo: yo te resevwa pawòl la byen vit san traka. Chak jou
yo t'ap egzaminen sa ki te ekri nan Liv la pou wè si sa
Pòl t'ap di yo a se vre. **12** Anpil ladan yo te kwè. Konsa,
anpil gran medam ak anpil gason nan moun peyi Lagrès
yo te kwè. **13** Men, lè jwif Tesalonik yo vin konnen Pòl
t'ap fè konnen pawòl Bondye a nan Bere tou, yo pati pou
Bere. Lè yo rive, yo kòmanse fè dezòd, yo t'ap moute
tèt foul moun yo. **14** Lè frè yo wè sa, yo fè Pòl pati ale
jouk bò lanmè a. Men, Silas ak Timote te rete Bere. **15**
Moun ki t'ap kondi Pòl yo mennen l' jouk lavil Atèn. Apre
sa, yo tounen Bere. Pòl menm te voye lòd bay Silas ak
Timote pou yo te vin jwenn li touswit. **16** Antan Pòl t'ap
tann Silas ak Timote lavil Atèn, sa te nwi lespri l' anpil
lè l' wè ki jan lavil la te plen zidòl. **17** Li t'ap diskite nan

sinagòg la avèk jwif yo ansanm ak moun lòt nasyon yo ki
te konvèti nan relijyon jwif yo. Apre sa, chak jou li t'ap
diskite tou sou plas piblik la avèk tout moun li te kontre
la. 18 Kèk filozòf ki t'ap swiv prensip patizan Epiki yo ak
patizan Zenon yo t'ap pale avèk li. Gen ladan yo ki t'ap
di: Kisa paladò sa a vle di la a? Gen lòt moun ki t'ap di:
Gen lè l'ap pale sou yon lòt kalite bondye. Yo t'ap di sa
paske Pòl t'ap pale yo sou Jezi, li t'ap di yo ki jan mò yo
gen pou yo leve vivan ankò. 19 Lè sa a, yo pran l', yo
mennen l' nan Aewopaj la. Epi yo di li: Nou ta renmen
konnen tout bagay nèf sa yo w'ap montre moun yo la a.
20 W'ap di yon bann bagay dwòl nan zòrèy nou. Nou ta
renmen konnen sa yo vle di. 21 (Se te abitid tout moun
lavil Atèn ak tout moun lòt nasyon ki rete nan lavil la, pou
yo pase tout tan yo ap pale osinon ap koute tout kalite
pawòl ki fèk parèt.) 22 Lè sa a, Pòl kanpe nan mitan
Aewopaj la, li di: Nou menm moun Atèn, mwen wè nou se
moun ki renmen relijyon anpil. 23 Mwen di nou sa, paske,
antan m'ap pwonmennen nan lavil nou an, mwen wè tout
kote nou fè sèvis. Epi nan gade konsa, mwen jwenn yon
lotèl kote yo ekri: Pou Bondye nou pa konnen an. Enben,
Bondye n'ap sèvi san nou pa konnen l' lan, se li menm
m'ap fè nou konnen la a. 24 Bondye ki fè lemonn antye
ak tou sa ki ladan l', se li menm ki Mèt syèl la ak tè a. Li
pa rete nan kay moun bati ak men yo. 25 Li pa bezwen
pou moun travay ba l' anyen non plis, paske se li menm ki
bay moun lavi, ki fè yo respire, ki ba yo tout lòt bagay. 26
Se li menm tou ki kreye tout nasyon ki rete toupatou sou
latè. Li fè yo tout soti nan yon sèl moun. Li te fikse davans
tan ki pou yo chak, ak limit kote pou yo chak rete. 27 Li fè
tou sa pou yo ka chache l', pou yo ta ka rive jwenn li lè yo
seye pran kontak avèk li. Men, Bondye pa pi lwen okenn
nan nou pase sa. 28 Paske, se nan li nou gen lavi, se
nan li nou ka bay kò nou mouvman, se nan li nou gen
legzistans. Gen nan poèt nou yo ki te di menm bagay la:
Nou menm tou, nou se pitit li. 29 Si nou se pitit li, nou pa
dwe mete nan tèt nou Bondye tankou yon moso lò, yon
moso lajan osinon yon moso wòch moun travay ak ladrès
pou fè yon pòtre ki soti nan tèt yo. 30 Men, Bondye fèmen
je l' sou tout tan sa yo moun pase nan liyorans. Koulye a li
rele yo tout, kote yo ye, pou yo tounen vin jwenn li. 31 Se
konsa tou, li fikse yon jou lè li gen pou l' jije tout moun san
patipri: li chwazi yon nonm pou sa. Li bay tout moun prèv
la lè l' fè nonm sa a leve soti vivan nan lanmò. 32 Lè yo
tande Pòl di moun mouri ka leve, te gen ladan yo ki pran
pase l' nan betiz. Gen lòt menm ki t'ap di li: N'a tande
koze sa a yon lòt jou. 33 Se konsa Pòl soti nan mitan
yo. 34 Men, atousa, te gen ladan yo ki te dakò pou yo te
mache ak Pòl epi ki te kwè. Pami yo te gen Deni, manm
Aewopaj la, yon fanm yo te rele Damaris ak kèk lòt ankò.

18 Apre sa, Pòl pati, li kite lavil Atèn, li ale lavil Korent.
2 Rive la, li kontre yon jwif yo te rele Akilas, moun
peyi Pon, ki te fèk rive soti Itali ansanm ak madanm li yo
te rele Prisil, apre Seza Klòd te bay lòd pou tout jwif te
kite lavil Wòm. Pòl al wè yo, 3 epi l' rete lakay yo. Li t'ap
travay ansanm ak yo paske li te gen menm metye ak yo:
li te konn fè tant an twal. 4 Chak jou repo, Pòl te pran
lapawòl nan sinagòg la, li t'ap chache pran tèt anpil jwif ak
anpil moun peyi Lagrès. 5 Men, lè Silas ak Timote rive soti
Masedwan, Pòl te bay tout tan l' pou travay predikasyon
an sèlman: li t'ap bay jwif yo tout kalite prèv pou moutre
yo Jezi se Kris yo t'ap tann lan. 6 Men, jwif yo pran kenbe
tèt avèk li, yo t'ap joure l'. Lè l' wè sa, li souke pousyè ki te
sou rad li, epi l' di yo: Si nou peri, se nou ki chache sa. Se
p'ap fòt mwen. Depi koulye a m'ap vire kò m' bò kot moun
ki pa jwif yo. 7 Konsa li soti, li ale lakay Titris Jistis. Se te
yon nonm ki pa t' jwif men ki te konvèti nan relijyon jwif yo.
Kay li te tou kole ak sinagòg la. 8 Krispis, chèf sinagòg la,
te mete konfyans li nan Seyè a ansanm ak tout fanmi li.
Anpil lòt moun Korent te kwè tou lè yo te tande sa Pòl t'ap
di yo, epi yo te resevwa batèm. 9 Yon jou lannwit, Pòl
fè yon vizyon. Li wè Seyè a ki di li: Ou pa bezwen pè,
se pou ou kontinye pale. Pa fèmen bouch ou. 10 Mwen
la avèk ou. Pesonn p'ap ka mete men sou ou pou fè
ou anyen. Gen anpil moun ki pou mwen nan lavil la. 11
Konsa, Pòl pase dizwit mwa lavil Korent, li t'ap moutre
moun yo pawòl Bondye a. 12 Pandan Galyon te gouvènè
nan peyi Lakayi, jwif yo mete tèt ansanm, yo leve dèyè
Pòl. Yo mennen l' devan tribinal la, 13 epi yo di: Nonm sa
a ap chache pran tèt moun pou fè yo sèvi Bondye yon
jan ki kont lalwa. 14 Pòl tapral pale, lè Galyon di jwif yo
konsa: Nou menm jwif, koute: si se te yon krim osinon yon
movezak li te fè, mwen ta pèdi tan m' koute nou. 15 Men,
si se yon bann diskisyon sou mo, sou non, sou lalwa jwif
yo, sa se zafè ki gade nou. Mwen p'ap antre nan bagay
konsa pou m' mete rezon. 16 Epi li mete tout moun deyò
nan tribinal la. 17 Lè sa a, jwif yo mete men sou Sostèn,
chèf sinagòg la, yo bat li byen bat devan tribinal la. Men,
Galyon pa okipe yo menm. 18 Pòl rete kèk tan ankò lavil
Korent. Apre sa, li kite frè yo, li anbake sou yon batiman
pou peyi Siri ansanm ak Prisil ak Akilas. Anvan sa, li fè
kale tèt li nan Sankre paske li te fè yon ve. 19 Rive yo
rive lavil Efèz, Pòl kite Prisil ak Akilas, li al nan sinagòg
la, li pran diskite ak jwif yo. 20 Yo mande l' pou l' rete pi
lontan ak yo, men li pa t' vle. 21 Anvan l' kite yo, li di yo:
M'a tounen vin wè nou, si Bondye vle. Epi li moute yon
batiman, li kite Efèz. 22 Lè l' debake lavil Sezare, li moute
Jerizalèm, li pase di legliz la bonjou. Apre sa, li al Antiòch.
23 Li pase kèk tan la, epi li pati ankò. Li pase nan tout peyi
Galasi ak peyi Friji, li t'ap fòtifye tout disip yo nan konfyans
yo nan Bondye. 24 Yon jwif yo te rele Apolòs rive lavil
Efèz. Se te moun lavil Aleksandri. Nonm sa a te konn
pale byen, li te konn tou sa ki te ekri nan Liv yo. 25 Yo te
moutre l' chemen Bondye a. Depi lè sa a, li te cho pou l'
te anonse pawòl la. San dezanpare li t'ap moutre moun
yo tou sa li te konnen sou Jezi yon jan ki konfòm ak verite
a. Men, se batèm Jan an ase li te konnen. 26 Li t'ap pale
avèk fòs konviksyon nan sinagòg la. Lè Prisil ak Akilas
tande l', yo pran l' avèk yo epi yo fin moutre li chemen
Bondye a yon jan ki pi korèk. 27 Apre sa, Apolòs fè lide

ale Lakayi. Frè yo te ankouraje li. Yo ekri yon lèt voye bay
disip yo ki nan peyi sa a pou yo te byen resevwa Apolòs.
Lè li rive Lakayi, li bay moun Bondye te fè favè kwè yo
yon gwo konkou. 28 Se avèk gwo konviksyon devan tout
moun li t'ap moutre jwif yo ki jan yo te nan lerè: li pran sa
ki ekri nan Liv yo a, li t'ap ba yo prèv se Jezi ki Kris la.

19 Antan Apolòs te lavil Korent, Pòl menm t'ap pase
nan tout mòn peyi Lazi yo jouk li rive lavil Efèz. Li
jwenn kèk disip nan lavil la. 2 Li mande yo: Eske nou te
resevwa Sentespri lè nou te kwè? Yo reponn li: Yo pa t'
janm di nou te gen yon Sentespri. 3 Lè sa a, Pòl mande
yo: Ki batèm nou te resevwa? Yo reponn li: Batèm Jan an.
4 Pòl di yo: Jan te batize moun ki te asepte tounen vin
jwenn Bondye, li t'ap di pèp Izrayèl la pou yo te kwè nan
moun ki t'ap vini apre l' la, ki vle di Jezi. 5 Lè yo tande sa,
yo mande pou resevwa batèm nan non Seyè Jezi. 6 Apre
sa, Pòl mete men sou tèt yo, epi Sentespri desann sou
yo. Yo pran pale nan lang lòt peyi, yo t'ap bay mesaj ki
soti nan Bondye. 7 Te gen douz gason konsa antou. 8
Pòl ale nan sinagòg la. Pandan twa mwa li t'ap pale la
avèk gwo konviksyon. Li t'ap fè yo konnen tout bagay sou
Gouvènman Bondye ki wa a, li t'ap chache pran tèt moun
ki t'ap koute l' yo. 9 Men, anpil t'ap fè tèt di, yo te refize
kwè: yo t'ap pase chemen Bondye a nan rizib devan tout
asanble a. Lè Pòl wè sa, li wete kò l' nan mitan yo, li pran
disip Kris yo avèk li. Chak jou li t'ap preche nan lekòl
Tiranis la. 10 Pandan dezan, sa mache konsa. Se sak fè
tout moun ki te rete nan pwovens Lazi a, jwif kou moun lòt
nasyon yo, yo tout te tande pawòl Seyè a. 11 Bondye
te sèvi ak Pòl pou l' te fè anpil gwo mirak. 12 Se konsa
yo te konn pran mouchwa ak lòt rad ki te fwote ak kò l',
yo pote yo bay moun malad. Lamenm malad yo te geri,
epi tout move lespri yo te met deyò. 13 Te gen kèk jwif
ki t'ap mache toupatou ap chase move lespri sou moun
malad. Yo menm tou, yo t'ap seye chase move lespri yo
nan non Jezi. Se konsa yo te konn di move lespri yo: Pa
pouvwa Jezi Pòl ap fè konnen an, mwen ba ou lòd soti.
14 (Se te sèt pitit gason Seva, yon granprèt jwif, ki t'ap fè
sa.) 15 Men move lespri a reponn yo: Mwen konnen Jezi,
mwen konnen Pòl. Men nou menm, ki moun nou ye? 16
Lè sa a, nonm ki te gen move lespri sou li a fonse sou yo,
li moutre li te gen plis fòs pase yo tout mete ansanm.
Li malmennen yo sitèlman yo pran kouri soti nan kay la
toutouni, tout kò yo an san. 17 Tout moun lavil Efèz, jwif
kou moun lòt nasyon yo, te rive konn bagay sa a. Yo tout
te pè, men yo te vin gen gwo respè pou non Seyè Jezi
a. 18 Anpil nan moun ki te kwè yo vini, yo kanpe devan
tout moun, yo t'ap avwe tou sa yo te fè, yo t'ap rekonèt
sa an piblik. 19 Te gen anpil ladan yo ki te konn pratike
maji, yo pote liv yo, yo boule yo devan tout moun. Dapre
kalkil yo te fè, te gen liv pou desansenkantmil (250.000)
goud antou. 20 Se konsa pawòl Bondye a t'ap gaye avèk
pouvwa, li t'ap moutre fòs li. 21 Apre bagay sa yo fin pase,
Pòl fè lide pase nan Masedwan ak Lakayi, apre sa pou li
al Jerizalèm. Li t'ap di: Apre mwen soti la, se pou m' al
wè lavil Wòm tou. 22 Lè sa a, li voye Timote ak Eras,
de nan moun ki t'ap ede l' nan sèvis la, devan nan peyi
Masedwan. Li menm li rete kèk tan ankò nan pwovens
Lazi. 23 Se lè sa a yon gwo dezòd pete nan lavil Efèz
poutèt chemen Bondye a. 24 Te gen yon òfèv yo te rele
Demetriyis, ki te konn fè ti modèl kay yo te bati pou yon
bondye fanm yo rele Atemis. Se an ajan li te fè yo. Travay
sa a te rapòte ouvriye l' yo anpil. 25 Yon jou, li sanble
tout ouvriye l' yo ansanm ak tout lòt moun ki te konn fè
menm travay sa a tou. Li di yo: Mesye, nou konnen se
travay sa a ki fè nou viv. 26 Men, nou wè ak je nou, nou
tande ak zòrèy nou sa nonm yo rele Pòl la ap fè. L'ap
mache di bondye moun fè ak men se pa bondye yo ye
menm. Se konsa, li resi rive pran tèt anpil moun, pa isit
nan lavil Efèz la ase, men nan tout pwovens Lazi a. 27
Talè konsa, metye nou an pral pote move non. Men, sa ki
pi rèd ankò, kay Atemis, gwo bondye fanm lan, pral pèdi
repitasyon li. Lè sa a menm, gwo bondye moun ap adore
nan tout pwovens Lazi ak toupatou sou latè a pral pase
pou anyen. 28 Lè yo tande sa, foul moun yo vin ankòlè
anpil, yo pran rele: Atemis moun Efèz yo, se gwo nègès!
29 Dezòd la gaye nan tout lavil la. Moun yo pase men
yo, yo pran Gayis ak Aristak, de moun Masedwan ki te
ansanm ak Pòl nan vwayaj li a, yo kouri an foul, y' al nan
teyat la. 30 Pòl te vle ale li menm tou devan pèp la, men
disip yo te di l' non. 31 Te gen de twa chèf nan peyi Lazi a
ki te zanmi l', yo voye bò kote l', yo mande l' pou l' pa
parèt tèt li nan teyat la. 32 Pandan tout tan sa a, te gen
gwo bouyay nan asanble a. Yon pòsyon moun t'ap rele
yon bagay, yon lòt pòsyon menm t'ap rele yon lòt bagay.
Pifò ladan yo pa t' konnen ojis poukisa yo te sanble. 33
Kèk moun nan foul la esplike bagay la bay Aleksann, yon
nonm jwif yo te mete alatèt yo. Aleksann fè siy ak men li,
li te vle pale pou l' pran defans jwif yo devan pèp la. 34
Men, lè yo rekonnèt se jwif li ye, yo tout pran rele ansanm
menm bagay la pandan dezèdetan: Atemis moun Efèz
yo, se gwo nègès. 35 Bout pou bout, sekretè lakomin
lan te resi fè foul la sispann rele, li di yo konsa: Moun
Efèz, koute! Tout moun konnen lavil Efèz se li menm k'ap
veye sou kay Atemis, gwo nègès, ansanm ak estati li a ki
te tonbe sot nan syèl la. 36 Pesonn pa ka di se pa vre.
Se sa ki fè, se pou n' mete tèt nou an plas pou n' pa fè
anyen san nou pa kalkile byen. 37 Bon. Mesye sa yo nou
mennen isit la, se pa vòlò yo vòlò nan tanp yo, ni se pa
pale yo pale mal sou Atemis, bondye fanm nou an. 38
Si Demetriyis ak ouvriye l' yo gen yon kont yo vle regle
ak yon moun, gen jou pou tribinal la travay, epi gen chèf
pou sa tou: se la pou y' al pote plent. 39 Apre sa, si nou
gen lòt reklamasyon nou vle fè, n'a regle sa yon lè tout
sitwayen yo va reyini dapre lalwa. 40 Avèk sa ki pase jòdi
a, yo kapab al pote plent pou nou, yo kapab al di n'ap fè
revolisyon. Pa gen okenn rezon pou tout dezòd sa a. Nou
p'ap kapab bay okenn esplikasyon pou sa. 41 Lè li fin di
sa, li voye tout moun lakay yo.

20 Lè dezòd la sispann, Pòl reyini disip yo, li ba yo kèk
pawòl ankourajman, li di yo orevwa, epi l' pati pou
Masedwan. **2** Li pase nan tout zòn lan, li t'ap ankouraje
fidèl yo avèk anpil mesaj. Apre sa, li pati, li ale Lagrès. **3**
Rive la, li ret pase twa mwa. Li tapral pran yon batiman
pou peyi Siri lè l' vin konnen jwif yo t'ap pare yon pèlen
tann li. Se konsa, li deside tounen pase Masedwan ankò.
4 Men non moun ki te avèk li yo: Sopatè, pitit Piris, moun
lavil Bere, Aristak ak Sekoundous, tou de moun Tesalonik,
Gayis, moun Dèb, Timote, Tichik ak Twofim, tou twa moun
pwovens Lazi. **5** Yo tout te pran devan, y' al tann nou
Twoas. **6** Nou menm, apre fèt Pen san ledven yo, nou
anbake sou yon batiman lavil Filip. Apre senk jou, nou
jwenn yo lavil Twoas. Nou rete pase tout yon senmenn la.
7 Premye jou nan senmenn lan, nou te reyini nan aswè
pou n' te separe pen an ansanm. Pòl t'ap pale ak asanble
a. Li te gen pou l' te pati nan denmen maten. Li te menwi,
li t'ap pale toujou. **8** Nou te sanble nan pyès anwo kay la.
Te gen anpil lanp limen ladan li. **9** Yon jenn gason yo
te rele Etich, te chita sou rebò fennèt la. Mesaj Pòl la
te long. Etich kite kabicha pran l' epi l' dòmi nèt ale. Li
dòmi sitèlman, li pèdi ekilib, li soti nan twazyèm etaj la
li tonbe anba. Lè yo ranmase l', li te mouri frèt. **10** Pòl
desanm, li bese sou li, li pran l' nan bra l', epi li di: Nou pa
bezwen pè, li pa mouri. **11** Lè Pòl tounen moute, li kase
pen an, epi l' manje. Li pale lontan avèk yo ankò jouk
solèy leve. Apre sa li pati. **12** Yo mennen jenn gason an
vivan lakay li. Se te yon ankourajman pou tout moun. **13**
Nou pran devan, n' al anbake sou yon batiman ki mennen
nou Asòs. Se la pou Pòl te vin anbake tou. Se li menm
ki te vle l' konsa, li te fè lide ale Asòs apye. **14** Lè l' vin
jwenn nou Asòs, nou pran l' abò a, epi n' ale Mitilèn. **15**
Antan nou la, nou fè vwal ankò. Nan denmen nou rive
devan Chio. Apre yon jou, nou rive Samòs. Nan denmen
ankò nou debake Milè. **16** Pòl te deside pase devan Efèz
san rete pou l' pa t' pèdi twòp tan nan pwovens Lazi a. Li
t'ap prese, li te vle wè si l' te kapab rive Jerizalèm pou jou
Lapannkòt la. **17** Antan li lavil Milè, Pòl voye yon mesaj
lavil Efèz: li mande chèf reskonsab legliz yo pou yo vin
jwenn li. **18** Lè yo rive, li di yo: Nou konnen ki jan mwen te
mennen bak mwen tout tan mwen te la avèk nou, depi
premye jou mwen te mete pye m' nan Lazi. **19** Mwen sèvi
Seyè a san okenn pretansyon, avèk dlo nan je, nan mitan
tout move pa mwen jwenn poutèt tout konplo jwif yo. **20**
Nou konnen mwen pa janm kache nou anyen ki ta ka sèvi
nou, mwen te fè nou konnen tout bagay, mwen te moutre
nou tout bagay, kit an piblik kit lakay nou. **21** Mwen avèti
tout moun, jwif kou moun lòt nasyon yo, pou yo chanje
lavi yo, tounen vin jwenn Bondye, pou yo mete konfyans
yo nan Seyè Jezi. **22** Koulye a mwen pral Jerizalèm.
Se Sentespri k'ap pouse m' ale. Mwen pa konnen sak
pral rive m' la a. **23** Yon sèl bagay moun konnen: nan
chak lavil kote m' pase, Sentespri avèti m' prizon ak anpil
soufrans ap tann mwen. **24** Mwen pa pran lavi m' pou
anyen, li pa gen okenn valè pou mwen. Men, mwen vle
ale jouk nan bout nan sèvis mwen, mwen vle fini nèt ak
travay Seyè Jezi ban mwen an, pou m' anonse bon nouvèl
favè Bondye fè nou an. **25** Mwen pase kèk tan nan mitan
nou ap anonse Gouvènman Bondye ki wa a. Men, koulye
a, mwen konnen nou yonn p'ap janm wè m' ankò. **26** Se
poutèt sa m'ap di nou jòdi a: si yonn nan nou peri, mwen
pa reskonsab. **27** Mwen fè nou konnen tout plan travay
Bondye a san m' pa kache nou anyen. **28** Veye kò nou,
veye sou tout bann mouton Sentespri a mete sou kont
nou. Okipe legliz Bondye a, legliz li te achte ak pwòp san
Pitit li a. **29** Mwen konnen tou, apre m' fin ale, gen moun
k'ap vin nan mitan nou pou kraze legliz la, tankou chen
mawon nan yon bann mouton. **30** Gen moun k'ap soti nan
mitan nou menm menm, k'ap kanpe pou bay manti, pou
chache rale kèk disip dèyè yo. **31** Se poutèt sa, mwen
di nou: fè atansyon anpil. Toujou chonje ki jan, pandan
twazan, lajounen kou lannwit, mwen pa janm sispann avèti
nou tout, ak dlo nan je mwen. **32** Koulye a m'ap renmèt
nou nan men Bondye avèk mesaj favè li a. Se li menm ki
ka fòtifye nou, ki ka ban nou tout bon bagay li sere pou
tout moun ki pote non li. **33** Mwen pa janm pote lanvi pou
lajan pesonn, ni pou lò ni pou rad okenn moun. **34** Nou
menm, nou konnen ki jan mwen travay ak men m' pou m'
te ka jwenn tou sa mwen menm ansanm ak kanmarad
mwen yo nou te bezwen. **35** Mwen moutre nou ki jan pou
n' travay di nan tou sa n'ap fè pou n' ka ede pi fèb yo, pou
nou toujou chonje pawòl Seyè a ki te di ak pwòp bouch li:
Gen plis benediksyon pou moun k'ap bay pase pou moun
k'ap resevwa. **36** Lè li fin pale konsa, Pòl mete ajenou
ansanm ak yo tout, epi li lapriyè. **37** Yo tout t'ap kriye, yo
pran Pòl nan bra yo, yo bo l', yo di li: Bondye avèk ou! **38**
Sa ki te fè yo plis lapenn, se lè li di yo p'ap janm wè l'
ankò. Apre sa, yo kondi l' mennen jouk sou batiman an.

21 Apre nou fin kite yo, nou pati sou batiman an. Nou
fè k'ap tou dwat sou Kòs. Yon jou apre, nou te rive
Wòd. Soti la, n' ale Patara. **2** La, nou jwenn yon batiman
ki tapral peyi Finisi, nou moute abò l' epi nou pati. **3** Nou
rive toupre lil Chip. Antan nou nan batiman an, nou te ka
wè l' toupre konsa. Men, nou pase anba l' sou bò dwat li,
nou fè k'ap pou peyi Siri. Nou fè tè lavil Tir. Batiman an te
gen yon pakèt chay pou l' te debake la. **4** Nou jwenn kèk
disip, nou pase sèt jou avèk yo. Lespri Bondye a te avèti
yo pou yo te di Pòl pa moute Jerizalèm. **5** Lè sèt jou yo
te pase, nou pati pou n' al fè wout nou. Tout disip yo,
madanm yo ak tout pitit yo te kondi nou jouk andeyò lavil
la. Nou tout nou mete ajenou sou rivaj la, nou lapriyè.
6 Apre sa, nou yonn di lòt orevwa. Nou moute abò, yo
menm yo tounen lakay yo. **7** Nou soti lavil Tir nou rive
lavil Tolemayis, se la nou fini vwayaj sou lanmè a. N' al di
frè ki te la yo bonjou, nou pase yon jou avèk yo. **8** Nan
denmen, nou pati ankò, nou rive lavil Sezare. Nou antre
lakay Filip, evanjelis la, nou fè ladesant la. Se te yonn
nan sèt mesye yo te chwazi Jerizalèm yo. **9** Li te gen kat
pitit fi ki pa t' marye, yo t'ap bay mesaj yo te resevwa
nan men Bondye. **10** Te gen kèk jou depi nou te la lè

yon pwofèt yo rele Agabis desann soti nan Jide. **11** Li vin jwenn nou. Li pran sentiwon ki te nan ren Pòl la, li mare de pye pa l' ak de men pa l' yo, epi li di: Men sa Sentespri deklare: Se konsa jwif Jerizalèm yo pral mare mèt sentiwon sa a; apre sa, y'ap lage l' nan men moun lòt nasyon yo. **12** Lè nou tande sa, nou menm ansanm ak tout moun Sezare yo t'ap di Pòl konsa: Tanpri souple, pa moute Jerizalèm. **13** Men, li reponn nou: Poukisa pou n'ap kriye konsa, pou n'ap chache kraze kouraj mwen konsa? Mwen menm, se pa pare sèlman mwen pare pou m' kite yo mare mwen. Menm si mouri vini, m'ap mouri pou Seyè Jezi nan Jerizalèm. **14** Lè nou wè nou pa t' kapab chanje lide l', nou pa pèsiste sou sa anko. Nou di: Sa Bondye vle a, se sa k'ap fèt. **15** Apre nou fin pase kèk jou la, nou ranje zafè nou, nou pati pou Jerizalèm. **16** Te gen kèk nan disip lavil Sezare yo ki te al ansanm avèk nou tou. Yo mennen nou lakay Nazon, moun lil Chip, ki te yon disip depi lontan. Se la nou fè ladesant. **17** Lè nou rive Jerizalèm, frè yo resevwa nou ak kè kontan. **18** Nan denmen, Pòl ale lakay Jak ansanm ak nou. Tout chèf reskonsab legliz yo te reyini la. **19** Pòl di yo bonjou, apre sa li tanmen rakonte yo an detay tou sa Bondye te fè ak travay li nan mitan moun ki pa jwif yo. **20** Lè yo fin tande l', yo tout pran fè lwanj Bondye. Apre sa yo di Pòl: Frè nou, ou wè tout kantite jwif ki kwè nan Jezi. Malgre sa, yo tout byen zele pou lalwa a toujou. **21** Yo vin di yo ki jan ou menm Pòl, w'ap moutre tout jwif k'ap viv nan mitan lòt nasyon yo pou yo kite Lalwa Moyiz la tonbe. W'ap di yo pa sikonsi pitit yo, ni yo pa bezwen swiv koutim jwif yo. **22** Sa pou n' fè la a menm? Paske, talè konsa yo pral konnen ou rive isit la. **23** Ou pral fè sa nou pral di ou la a: Gen kat moun ki te fè yon ve. **24** Ou pral avèk yo, wa patisipe ansanm ak yo nan tout sèvis y'ap fè pou mete tèt yo nan kondisyon pou sèvi Bondye ankò. Wa fè tout depans pou yo, pou yo kapab fè kale tèt yo. Konsa, tout moun va konnen tou sa yo t'ap di sou ou a pa t' vre. Okontrè, ou menm pou tèt pa ou, ou toujou ap obeyi Lalwa Moyiz la. **25** Men, pou moun ki pa jwif yo epi ki kwè nan Jezi koulye a, nou deja ekri yo, nou voye di yo sa n' te deside: piga yo manje vyann bèt ki te ofri pou touye bay zidòl, piga yo manje san, ni vyann bèt ki mouri toufe. Egzante tout dezòd lachè. **26** Lè sa a, Pòl pran kat mesye yo, epi nan denmen li patisipe avèk yo nan sèvis pou mete yo nan kondisyon pou sèvi Bondye ankò. Apre sa, li al nan tanp lan, li fè konnen ki jou sèvis la va fini, kilè pou yo ofri bèt pou yo touye pou yo chak la. **27** Sèt jou yo te prèt pou fini lè jwif ki soti nan pwovens Lazi yo wè Pòl nan tanp lan. Yo moute tèt foul moun yo, yo mete men sou li. **28** Yo t'ap rele: Moun ras Izrayèl yo, pote nou konkou! Men nonm k'ap plede mache toupatou pale mal ak tout moun sou do pèp Izrayèl la, sou do Lalwa Moyiz la, sou do tanp sa a. Koulye a, li penmèt li fè moun ki pa jwif antre nan tanp lan, l'ap lakòz kote nou mete apa pou Bondye a pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. **29** (Yo t'ap di sa, paske yo te wè Twofim, moun lavil Efèz, ansanm ak Pòl nan lavil la. Yo te konprann Pòl te fè l' antre nan tanp lan tou.) **30** Tout lavil la te tèt anba, moun kouri soti toupatou. Yo mete men sou Pòl. Yo trennen l' deyò, epi lamenm yo fèmen tout pòt tanp lan. **31** Yo t'ap chache yon jan pou touye Pòl, lè nouvèl la rive nan zòrèy kòmandan batayon women an. Yo te vin di l' ki jan tout lavil la te tèt anba. **32** Lamenm li pran kèk ofisye ak kèk sòlda avèk li, li kouri desann bò kote foul moun yo. Yo menm menm, lè yo wè kòmandan an ak sòlda yo yo sispann bat Pòl. **33** Kòmandan an pwoche bò kot Pòl, li fè yo arete l', li bay lòd pou yo mare l' ak de chenn. Lèfini, li mande ki moun li te ye, kisa l' te fè. **34** Men, nan foul moun yo, yon pati t'ap rele yon bagay, yon lòt pati t'ap rele yon lòt bagay. Sitèlman yo t'ap fè dezòd, kòmandan an pa t' kapab fin konprann sa yo t'ap di a. Lè l' wè sa, li bay lòd pou yo mennen Pòl nan kazèn lan. **35** Lè sòlda yo rive bò eskalye a avèk Pòl, yo te blije leve l' anlè pou yo te sa pase avè l', sitèlman moun yo te ankòlè. **36** Yo tout yo t'ap swiv li, yo t'ap rele: Touye li. **37** Yo tapral fè Pòl antre nan kazèn lan, lè Pòl di kòmandan an: Eske mwen ka di ou kichòy? Kòmandan an mande li: Kouman? Apa ou pale grèk? **38** Si se sa, se pa ou menm ki ejipsyen an, nonm ki te kòmanse yon revolisyon tou lòt jou a epi ki te mennen katmil (4.000) bandi avè l' nan dezè a? **39** Pòl reponn li: Se jwif mwen ye. Mwen fèt lavil Tas nan peyi Silisi. Ou wè se sitwayen yon gwo lavil mwen ye. Tanpri, kite m' pale ak pèp la. **40** Kòmandan an ba l' pèmisyon. Lè sa a, Pòl kanpe sou eskalye a, li fè pèp la yon siy avèk men li. Lè yo sispann fè bri, Pòl pale ak yo nan lang ebre. Li di yo konsa:

22 Frèm yo, grandèt mwen yo, koute sa m' pral di nou koulye a pou defann tèt mwen. **2** Lè yo tande l' ap pale ebre, yo rete byen dousman. Epi Pòl di yo: **3** Se jwif mwen ye. Mwen fèt lavil Tas nan peyi Silisi. Men, se isit lavil Jerizalèm mwen grandi. Se Gamalyèl ki te pwofesè mwen. Se li menm ki te moutre m' tout ti detay nan Lalwa zansèt nou yo. Mwen menm tou, yon lè mwen te gen zèl nou gen koulye a pou Bondye. **4** Mwen te pèsekite moun ki t'ap swiv chemen Bondye a jouk pou m' te touye yo. Fanm kou gason, mwen te arete tout moun mete nan prizon. **5** Granprèt la ak chèf fanmi yo ki reyini la a, yo ka sètifye sa m'ap di la a se vre. Se yo menm menm ki te ban m' lèt otorizasyon pou frè jwif lavil Damas yo. Mwen tapral arete mezi disip ki te la, mennen yo Jerizalèm pou fè regle yo. **6** Mwen te sou wout la toupre Damas, lè m' rete konsa yon gwo limyè soti nan syèl la, li klere tout kote m' te ye a. Lè sa a, li te bò midi konsa. **7** Mwen tonbe atè, epi m' tande yon vwa ki di m': Sòl, Sòl, poukisa w'ap pèsekite mwen konsa? **8** Mwen mande: Ki moun ou ye, Seyè? Epi li di mwen: Mwen se Jezi, moun Nazarèt, w'ap pèsekite a. **9** Moun ki te la avè m' yo te wè limyè a tou, men yo pa t' tande vwa ki t'ap pale avè m' lan. **10** Lè sa a, mwen mande: Kisa pou m' fè, Seyè? Seyè a di mwen: Leve, ale lavil Damas. Se la y'a di ou tou sa Bondye va ba ou lòd fè. **11** Limyè a te tèlman klere, mwen te vin avèg. Se kanmarad mwen yo ki pran men m' ki

mennen m' Damas. 12 Nan Damas te gen yon nonm yo
rele Ananyas. Se te yon moun ki t'ap sèvi Bondye jan
Lalwa nou an mande l' la. Tout jwif Damas yo te konsidere
l' anpil. 13 Li vin jwenn mwen, li kanpe toupre m', epi li
di mwen: Sòl, frè mwen, se pou ou wè nan je ou ankò.
Menm lè a, mwen wè ankò, epi mwen gade li. 14 Li di m'
konsa: Bondye zansèt nou yo te chwazi ou davans pou
ou te ka konn volonte l', pou ou te ka wè sèl moun ki dwat
devan li a, pou ou te ka tande l' pale ak bouch li. 15 Ou
pral sèvi l' temwen, ou pral fè tout moun konnen sa ou te
wè ak sa ou te tande. 16 Koulye a, kisa w'ap tann ankò?
Leve non, rele Bondye, resevwa batèm pou tout peche
ou yo ka lave. 17 Apre sa, mwen tounen lavil Jerizalèm.
Antan m' te nan tanp lan ap lapriyè, mwen fè yon vizyon.
18 Mwen wè Seyè a ki di mwen: Fè vit, kite Jerizalèm,
paske moun Jerizalèm yo p'ap asepte tou sa w'ap di sou
mwen an. 19 Mwen reponn: Seyè, yo konnen byen pwòp
mwen te konn al nan sinagòg yo, mwen te konn mete tout
moun ki te kwè nan ou nan prizon, fè bat yo byen bat. 20
Menm lè yo t'ap touye Etyèn, moun ki te kanpe pou ou a,
mwen te la tou. Mwen te dakò ak moun ki t'ap touye l' yo.
Se mwen menm ki te veye rad yo. 21 Lè sa a, Seyè a di
mwen: Ale, m'ap voye ou byen lwen, bò kote moun ki pa
jwif yo. 22 Foul moun yo t'ap koute Pòl byen pwòp. Men,
lè yo tande pawòl sa a, yo tout pran rele: Wete nonm sa a
sou latè! Touye li! Li pa merite viv ankò! 23 Yo t'ap rele pi
rèd, yo t'ap souke rad yo, yo t'ap voye pousyè tè anlè. 24
Kòmandan women an bay lòd fè Pòl antre nan kazèn lan.
Li mande pou yo bat li pou fè l' pale. Li te vle konnen
poukisa foul moun yo t'ap rele dèyè l' konsa. 25 Lè yo fin
mare l' pou bat li, Pòl di ofisye ki te la a: Eske nou gen
dwa bat yon sitwayen women ki pa menm pase devan yon
tribinal? 26 Lè l' tande sa, ofisye a al avèti kòmandan an,
li di li: Fè atansyon sa ou pral fè la a, tande! Nonm lan, se
sitwayen women li ye wi. 27 Kòmandan an vin jwenn Pòl,
li mande li: Di mwen, èske se sitwayen women ou ye? Pòl
reponn li: Wi. 28 Kòmandan an di l' konsa: Mwen menm,
mwen te peye gwo lajan pou m' te ka sitwayen women.
Pòl reponn li: Mwen menm, mwen fèt sitwayen women.
29 Lamenm, moun ki tapral bat li pou te fè l' pale yo renka
kò yo dèyè. Ata kòmandan an te pè lè l' vin rann li kont li
te fè mare Pòl ki te yon sitwayen women avèk chenn. 30
Kòmandan an te vle konnen egzakteman kisa jwif yo t'ap
akize Pòl fè. Se konsa, nan denmen li fè lage chenn yo,
epi li voye lòd bay chèf prèt yo pou yo reyini ansanm ak
Gran Konsèy la. Li mennen Pòl, li mete l' devan yo.

23 Pòl fikse je l' sou manm Gran Konsèy yo, li di: Frè
m' yo, depi tout tan mwen toujou viv san repwòch
devan Bondye jouk jounen jòdi a. 2 Ananyas, granprèt la,
bay moun ki toupre Pòl yo lòd pou yo ba l' yon souflèt. 3
Lè sa a Pòl di li: Ou pòtre yon miray blanchi ak lacho! Se
Bondye ki va frape ou. Ou chita la pou jije m' dapre Lalwa
Bondye a. Men, se ou menm k'ap dezobeyi Lalwa Bondye
a lè ou bay lòd frape m' lan. 4 Moun ki te toupre Pòl yo
di li: Apa w'ap joure granprèt Bondye a? 5 Pòl reponn:
Eskize m', frè m'. Mwen pa t' konnen se granprèt msye te
ye. Paske, men sa yo di nan Liv la: Piga ou pale chèf
pèp ou a mal. 6 Pòl konnen te gen sadiseyen yon bò
ak farizyen yon lòt bò nan Gran Konsèy la. Se poutèt
sa li pran pale byen fò devan yo, li di: Frè m' yo, se yon
farizyen mwen ye, pitit pitit farizyen. Se paske mwen gen
espwa mò yo gen pou yo leve vivan ankò ki fè yo rele m'
an jijman devan nou. 7 Lè l' di sa, farizyen yo pran diskite
ak sadiseyen yo; asanble a fè de kan. 8 (Sadiseyen yo
t'ap di moun mouri pa leve, pa gen zanj, pa gen lespri.
Farizyen yo, bò pa yo, te kwè nan tou sa.) 9 Moun yo t'ap
rele pi fò toujou. Kèk dirèktè lalwa, ki te patizan farizyen
yo, leve kanpe, yo antre nan yon diskisyon byen cho, yo
t'ap di: Nou pa jwenn anyen ki mal nan nonm sa a. Se
dwe yon zanj Bondye osinon yon lespri ki pale avè li. 10
Diskisyon an te vin sitèlman cho kòmandan an te pè pou
yo pa t' dechèpiye Pòl. Li bay sòlda yo lòd desann nan
asanble a, al wete Pòl nan mitan yo, mennen l' tounen
nan kazèn lan. 11 Jou lannwit sa a, Pòl wè Seyè a ki di li:
Kouraj! Menm jan ou kanpe bay verite a pou mwen isit la
lavil Jerizalèm, se konsa tou ou gen pou ou al kanpe bay
verite a pou mwen lavil Wòm. 12 Nan denmen maten, jwif
yo fè yon konplo. Yo sèmante sou tèt yo yo p'ap mete
anyen nan bouch yo toutotan yo pa touye Pòl. 13 Te gen
karant moun pou pi piti nan konplo a. 14 Y' al jwenn chèf
prèt yo ak chèf fanmi yo, yo di yo: Nou sèmante sou tèt
nou, nou p'ap manje anyen toutotan nou pa touye Pòl. 15
Koulye a, nou menm ansanm ak tout Gran Konsèy la,
mande kòmandan an pou l' mennen Pòl ban nou, tankou
si nou ta renmen egzaminen ka li a pi byen. Nou menm,
bò pa nou, nou tou pare pou n' touye l' anvan l' gen tan
rive isit. 16 Men, pitit gason sè Pòl la pran nouvèl konplo
a. li al nan kazèn lan, li antre, li avèti Pòl. 17 Pòl rele
yonn nan ofisye yo, li di li: Mennen jenn gason sa a bò
kot kòmandan an: li gen kichòy pou l' di li. 18 Ofisye a
pran jenn gason an avè l', li mennen l' bay kòmandan
an, li di: Prizonye yo rele Pòl la rele m', li mande m' pou
mennen jenn gason sa a ba ou. Li bezwen di ou kichòy.
19 Kòmandan an pran men jenn gason an, li mennen l' sou
kote, li mande li: Kisa ou gen pou di mwen? 20 Li reponn:
Jwif yo ranje yon konplo. Y'ap mande ou mennen Pòl
denmen devan Gran Konsèy la. Y'ap di ou yo ta renmen
egzaminen ka msye pi byen. 21 Pa koute yo. Gen karant
moun pou pi piti ki pare pou yo pran li. Yo sèmante sou
lavi yo, yo p'ap mete anyen nan bouch yo toutotan yo pa
touye li. Koulye a yo fin pare nèt, se respons ou ase y'ap
tann. 22 Kòmandan an di l' konsa: Pa kite pesonn konnen
ou te vin di m' sa. Epi li voye jenn gason an al fè wout li.
23 Apre sa, kòmandan an rele de nan ofisye l' yo, li di yo:
Sanble desan (200) sòlda, swasanndis kavalye ak desan
(200) zòm ame ak pikèt. Se pou nou tout pare pou n' pati
pou Sezare aswè a, vè nevè. 24 Pare yon chwal pou Pòl
tou. Mennen l' ale bay gouvènè Feliks an byen, san okenn
danje, san okenn malè. 25 Epi li ekri lèt sa a: 26 Klòd
Lizyas voye bonjou ak tout respe l' pou chèf li, gouvènè

Feliks. **27** Jwif yo te mete men sou nonm sa a, yo tapral
touye l' lè m' vin konnen se yon sitwayen women li ye. Lè
sa a, mwen rive avèk sòlda m' yo, mwen delivre li. **28**
Mwen mennen l' devan Gran Konsèy jwif yo, paske mwen
te vle konnen kisa jwif yo t'ap di sou li konsa. **29** Mwen
wè li pa t' fè anyen ki pou ta fè yo touye l' ni pou yo mete
l' nan prizon. Yo t'ap akize l' dèske li fè yon bann bagay ki
gen rapò ak Lalwa yo a. **30** Lè m' vin konnen jwif yo t'ap
fè konplo pou touye l', mwen pran desizyon voye l' ba ou.
Epi mwen mande moun ki t'ap akize l' yo pou yo vin pote
plent pou li devan ou. **31** Sòlda yo fè tou sa Lizyas te
ba yo lòd fè: yo pran Pòl, yo mennen li jouk Antipatris
lannwit la menm. **32** Nan denmen, sòlda ki t'ap mache
apye yo tounen nan kazèn lan, yo kite kavalye yo fè rès
vwayaj la avèk Pòl. **33** Rive yo rive Sezare, kavalye yo
renmèt gouvènè a lèt la, epi yo renmèt Pòl nan men li. **34**
Gouvènè a li lèt la, li mande Pòl moun ki pwovens li ye. Lè
l' vin konnen se moun Silisi li ye, li di li: **35** Lè moun k'ap
akize ou yo va vini, m'a tande sa ou gen pou di. Epi li bay
lòd pou yo mete Pòl sou bon gad nan gwo palè Ewòd la.

24 Apre senk jou, Ananyas, granprèt la, rive Sezare ak
yon avoka yo rele Tètilis ansanm ak kèk chèf fanmi.
Yo parèt devan gouvènè a; yo te vin pote plent pou Pòl. **2**
Yo fè rele Pòl. Lè sa a Tetilis kòmanse pale, li t'ap akize
Pòl konsa: Ekselans, se ou ki fè nou gen lapè depi lontan.
Se sou gouvènman ou yo fè anpil refòm nesesè pou byen
peyi a, tèlman ou gen bon konprann. **3** Pou tou sa w'ap fè
depi lontan toupatou, n'ap di ou mèsi anpil ak tout kè nou.
4 Mwen pa vle pran twòp tan ou. Men tanpri souple, pran
pasyans, koute sa nou gen pou n' di ou la a. Nou p'ap
pale anpil. **5** Nou fin wè nonm sa a se yon gwo nwizans:
l'ap mache fè dezòd nan mitan jwif yo toupatou sou latè.
Se chèf gwoup Nazareyen yo li ye. **6** Li menm seye
derespekte tanp lan. Lè nou wè sa, nou arete l'. Nou te vle
jije l' dapre Lalwa nou an. **7** Men, kòmandan Lizyas antre
nan koze a, li aji yon jan brital ak nou, li wete li nan men
nou. **8** Apre sa, Lizyas bay moun ki t'ap akize l' yo lòd pou
yo vin parèt devan ou. Si ou poze nonm sa a keksyon, wa
wè ou menm tou, ki jan sa n'ap di la a se verite tou klè. **9**
Tout jwif yo te dakò avèk li, yo t'ap di se konsa bagay la te
ye vre. **10** Gouvènè a fè Pòl siy pou l' pale. Pòl di: Mwen
konnen w'ap fè jistis nan peyi a depi lontan. Se ak kè
poze mwen vin plede kòz mwen devan ou. **11** Ou mèt
pran ranseyman, jòdi a fè douz jou depi mwen te moute
Jerizalèm pou m' al fè sèvis pou Bondye. **12** Jwif yo pa
jwenn mwen ap diskite ak pesonn nan tanp lan, yo pa
bare m' ap moute tèt pesonn ni nan sinagòg yo ni okenn
lòt kote nan lavil la. **13** Moun sa yo pa ka bay okenn prèv
pou tou sa yo sot di mwen fè a. **14** Men, m'ap rekonèt sa
devan ou: m'ap sèvi Bondye zansèt nou yo dapre chemen
yo pretann di ki pa bon an. Men, mwen kwè tout bagay ki
ekri nan lalwa Moyiz la ak nan liv pwofèt yo. **15** Mwen
gen espwa sa a, epi mwen konnen yo genyen l' tou; yon
jou Bondye gen pou fè tout moun, bon kou mechan, leve
soti vivan nan lanmò. **16** Se konsa m'ap fè posib mwen
pou m' toujou kenbe konsyans mwen san repwòch devan
Bondye ak devan moun. **17** Apre mwen fin pase anpil
lanne deyò, mwen tounen Jerizalèm. Mwen te vin pote
yon ti lajan pou ede pèp mwen an, epi m' tou pwofite fè
ofrann bèt pou Bondye. **18** Men sa m' t'ap fè lè yo jwenn
mwen nan tanp lan. Mwen te fin patisipe nan jou sèvis
pou mete moun nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Pa
te gen foul moun avè m', pa te gen kras dezòd. **19** Men,
te gen kèk jwif ki te soti nan pwovens Lazi, se yo menm ki
te dwe la devan ou pou akize m', si yo te gen kichòy kont
mwen. **20** Osinon, se pou moun ki isit la di ki move zak
yo jwenn mwen te fè lè m' te kanpe devan Gran Konsèy
la. **21** Men sèl pawòl mwen te di byen fò lè m' te kanpe
devan yo tout la: Se paske mwen kwè mò yo gen pou
leve vivan ankò kifè yo rele m' an jijman devan nou jòdi a.
22 Feliks ki te okouran tout bagay sou chemen Bondye a,
ranvwaye jijman an pou pita. Li di yo konsa: Lè kòmandan
Lizyas va vini, m'a pran yon desizyon sou zafè sa a. **23** Li
bay ofisye ki te reskonsab Pòl la lòd pou l' pa lage l', men
pou l' ba li kèk ti libète, epi pou kite zanmi l' yo rann li ti
sèvis. **24** Kèk jou apre sa, Feliks vini avèk Drisil, madanm
li, ki te yon jwif. Li voye rele Pòl, li te vle tande sa Pòl te
gen pou l' di sou konfyans nan Jezikri a. **25** Men, lè Pòl
pran pale sou jan moun dwe viv byen, sou jan moun dwe
kontwole kò yo, sou jou jijman ki gen pou vini an, Feliks
soti pè, li di: Bon, koulye a ou mèt ale. Lè m'a gen tan
m'a rele ou ankò. **26** Li te mete nan tèt li Pòl ta ka ba li
lajan. Se poutèt sa plizyè fwa li te fè l' vin koze avèk li.
27 Dezan pase konsa. Feliks menm ki te vle fè jwif yo
plezi te kite Pòl nan prizon tout tan sa a. Apre sa, Pòsiyis
Festis vin moute gouvènè nan plas Feliks.

25 Lè Festis rive nan pwovens lan, sou twa jou li kite
Sezare, li ale lavil Jerizalèm. **2** Chèf prèt yo ansanm
ak jwif ki te grannèg nan lavil la vin pote plent ba li pou
Pòl. **3** Yo mande Festis yon favè. Yo mande l' pou l' fè
mennen Pòl Jerizalèm. Yo te gen tan fè konplo pou touye
l' sou wout la. **4** Men, Festis reponn yo: Pòl deja nan
prizon Sezare. Mwen menm poutèt pa m', mwen pral
tounen Sezare talè konsa. **5** Si Pòl fè kichòy ki mal, se
pou chèf nou yo desann ansanm avè m', y'a akize l' laba
a. **6** Festis pase wit a dis jou sèlman avèk yo Jerizalèm.
Apre sa li tounen Sezare. Nan denmen, li al chita nan
tribinal la, li bay lòd pou yo mennen Pòl. **7** Lè Pòl rive, jwif
ki te soti Jerizalèm yo vin kanpe bò kote l', yo pote anpil
gwo akizasyon kont li, men yo pa t' kapab bay okenn prèv.
8 Men sa Pòl di pou defann tèt li: Mwen pa fè anyen ki
kont lalwa jwif yo, ni kont tanp lan, ni kont Seza. **9** Festis
menm ki te vle fè jwif yo plezi mande Pòl: Eske ou pa ta
vle al Jerizalèm pou yo ka jije ou devan m' sou zafè sa
a? **10** Pòl reponn li: Se devan tribinal Seza mwen ye,
se la pou yo jije mwen. Mwen pa fè jwif yo anyen. Ou
konnen sa byen pwòp. **11** Si m' desobeyi lalwa, si m' fè
yon bagay ki merite lanmò, mwen p'ap refize mouri. Men
tou, si akizasyon y'ap pote sou mwen yo pa vre, pesonn

pa ka lage m' nan men yo. Mwen mande pou Seza tande
kòz mwen. 12 Lè sa a, Festis fè yon ti pale ak manm
konsèy li yo, epi l' di: Bon. Ou mande pou Seza tande kòz
ou, ou pral devan Seza. 13 Kèk jou apre sa, wa Agripa ak
Berenis rive Sezare. Yo te vin di Festis bonjou. 14 Yo t'ap
pase kèk jou la. Festis pwofite esplike sitiyasyon Pòl la
bay wa a, li di li: Feliks te kite yon nonm nan prizon isit
la. 15 Lè m' te al Jerizalèm chèf prèt yo ansanm ak chèf
fanmi jwif yo te vin pote m' plent pou li, yo mande m' pou
m' kondannen li. 16 Mwen reponn yo: Se pa koutim moun
lavil Wòm yo pou yo renmèt yon akize bay lènmi l' konsa
san yo pa mete l' fasafas ak moun k'ap akize l' yo anvan.
Se pou l' gen chans defann tèt li tou anba akizasyon yo.
17 Se konsa yo vin isit la avèk mwen. Mwen pa t' pèdi tan
mwen. Nan denmen m' al chita nan tribinal la, mwen bay
lòd pou yo mennen nonm lan. 18 Moun ki t'ap akize l' yo
vin parèt tou, men yo pa t' bay okenn move zak li te fè,
jan m' te kwè a. 19 Se yon diskisyon sèlman yo te gen
avè l' sou relijyon yo a ak sou yon nonm yo rele Jezi ki
mouri. Men, Pòl sètifye nonm sa a leve, li vivan ankò.
20 Mwen pa t' konn sa pou m' te fè ankò pou m' te pran
enfòmasyon sou keksyon sa yo. Mwen mande Pòl si l' pa
ta vle al Jerizalèm pou yo te ka jije l' sou zafè sa a la. 21
Men, Pòl mande pou Seza tande kòz li. Li mande pou yo
kenbe l' nan prizon jouk Seza va pran yon desizyon sou
ka li. Se konsa mwen bay lòd pou yo pa lage l' jouk m'a
ka voye l' bay Seza. 22 Agripa di Festis konsa: Mwen ta
renmen tande nonm sa a. Festis reponn li: Denmen wa
tande li. 23 Se konsa, nan denmen Agripa ak Berenis vin
nan mitan yon gwo kòtèj. Yo antre nan sal odyans lan
avèk tout chèf militè yo ansanm ak notab lavil la. Festis
bay yon lòd, epi yo mennen Pòl vini. 24 Apre sa, Festis di:
Wa Agripa, nou tout ki isit la avèk nou, men li! Nou wè
nonm sa a. Tout jwif yo vin pote m' plent pou li, ni laba
Jerizalèm ni isit la. Y'ap plede rele nonm sa a te fèt pou l'
mouri deja. 25 Mwen menm, pou tèt pa m', mwen wè li pa
fè anyen ki merite lanmò. Men, li menm li mande pou
Seza tande kòz li. Se poutèt sa, mwen pran desizyon
voye l' bay Seza. 26 Mwen pa gen anyen ki sèten pou
m' ekri sou li. Se poutèt sa mwen fè l' konparèt devan
nou, devan ou menm sitou, wa Agripa. Konsa m'a jwenn
sa pou m' ekri lè n'a fin poze l' keksyon. 27 Pou mwen
menm, sa pa gen sans pou espedye yon prizonye konsa
san ou pa di egzakteman kisa li fè.

26 Agripa di Pòl: Ou mèt pale pou defann tèt ou. Lè
sa a, Pòl lonje men l', epi li fè defans li konsa: 2 Se
pa ti kontan mwen kontan, wa Agripa, pou m' defann tèt
mwen devan ou jòdi a anba tout bagay jwif yo ap plede
akize mwen. 3 Ou menm ou konnen tout koutim jwif yo
ansanm ak kalite keksyon yo renmen diskite yo byen.
Tanpri souple, pran yon ti pasyans pou koute mwen. 4
Tout jwif yo konnen ki jan m' mennen tèt mwen depi lè m'
te jenn gason, ki jan m' t'ap viv depi nan konmansman
nan mitan moun peyi mwen yo ak nan Jerizalèm. 5 Yo
konnen m' depi lontan. Epi, si yo vle, yo ka rann temwayaj
mwen t'ap viv tankou yon farizyen. Farizyen yo se moun ki
pi rèd nan relijyon nou an. 6 Koulye a, yo rele m' an jijman
paske m'ap tann pwomès Bondye te fè zansèt nou yo. 7
Se menm pwomès sa a douz branch fanmi nou yo ap tann
lè y'ap sèvi Bondye san rete, lajounen kou lannwit. Se
pou menm pwomès sa a jwif yo ap akize mwen, monwa.
8 Poukisa, nou menm jwif, nou pa kwè Bondye ka leve
moun mouri? 9 Mwen menm tou, yon lè, mwen te kwè se
pou m' te fè sa m' kapab pou disparèt non Jezi, moun
Nazarèt la. 10 Se sa m' te fè lavil Jerizalèm. Mwen te
resevwa yon pouvwa espesyal nan men chèf prèt yo pou
sa. Mwen te mete anpil patizan Kris yo nan prizon. Lè yo
t'ap kondannen yo amò, mwen te dakò nèt ale. 11 Anpil
fwa, mwen te fè bat yo nan tout sinagòg, mwen te konn
fòse yo vire do bay Bondye. Mwen te sitèlman pa t' vle wè
yo, mwen te konn al pèsekite yo jouk nan peyi etranje. 12
Se konsa, mwen tapral Damas avèk pouvwa ansanm ak
lòd chèf prèt yo te ban mwen. 13 Antan m' te sou wout la,
vè midi konsa, monwa, mwen wè yon limyè ki soti nan
syèl la pi klere pase solèy la. Li te klere tout kote m' te ye
a ansanm ak moun ki t'ap vwayaje avè m' yo. 14 Nou tout
nou tonbe atè. Epi mwen tande yon vwa ki di m' an lang
ebre: Sòl, Sòl, poukisa w'ap pèsekite mwen? W'ap fè tèt
ou mal lè w'ap voye pye konsa tankou yon chwal k'ap
voye pye lè mèt li ap bat li. 15 Mwen mande: Ki moun ou
ye, Seyè? Epi l' di m': Mwen se Jezi w'ap pèsekite a. 16
Men, leve kanpe sou pye ou. Mwen fè ou wè m', se pou
ou kapab sèvi mwen. Wi, ou pral sèvi m' temwen, ou pral
di lòt moun yo jan ou te wè m' jòdi a epi wa fè yo konnen
tou sa m'a fè ou wè apre sa. 17 M'a delivre ou anba men
pèp jwif yo, anba men moun lòt nasyon yo. Se mwen
menm k'ap voye ou ba yo, 18 pou ou kapab louvri je yo,
pou fè yo soti nan fènwa kote yo ye a vin nan limyè, pou
wete yo anba pouvwa Satan vin jwenn Bondye. Konsa, lè
y'a mete konfyans yo nan mwen, y'a resevwa padon pou
tout peche yo, y'a jwenn plas yo nan mitan pèp k'ap viv
apa pou Bondye a. 19 Se konsa, wa Agripa, mwen pa
dezobèyi vizyon ki te soti nan syèl la vin jwenn mwen.
20 Mwen kòmanse bay moun nan lavil Damas ak nan
Jerizalèm mesaj la. Apre sa, m' ale nan tout peyi Jide
ak nan mitan moun lòt nasyon yo. Mwen t'ap mande yo
pou yo chanje lavi yo, pou yo tounen vin jwenn Bondye,
pou yo fè bagay ki pou fè wè yo chanje tout bon. 21 Se
poutèt sa wi jwif yo mete men sou mwen nan tanp lan, se
poutèt sa yo t'ap seye touye mwen. 22 Mentou, Bondye
toujou pwoteje m' jouk jòdi a. Mwen la toujou pou m' sèvi l'
temwen devan tout moun, grannèg kou malere. Sa ou wè
m'ap di la a, se sa menm pwofèt yo ansanm ak Moyiz te
di gen pou rive. 23 Kris la te gen pou l' soufri. Se li menm
ki an premye gen pou l' leve soti vivan nan lanmò pou l' fè
pèp Izrayèl la ansanm ak tout lòt nasyon yo konnen limyè
k'ap delivre yo a. 24 Antan Pòl t'ap pale konsa pou defann
tèt li, Festis rele byen fò: Ou fou, Pòl! Twòp lespri fè ou
pèdi tèt ou. 25 Pòl reponn li: Mwen pa fou non, ekselans.
Tout pawòl mwen di la a se verite a tou klè, epi yo gen

sans. 26 Wa Agripa konn tout bagay sa yo. Se poutèt sa
mwen pa pè pale devan li. Mwen sèten li konnen tout
bagay sa yo, paske pa gen okenn ladan yo mwen te fè an
kachèt. 27 Wa Agripa, èske ou pa kwè sa pwofèt yo di?
Mwen konnen ou kwè. 28 Agripa di Pòl: Talè konsa ou
pral pran tèt mwen tou pou fè m' kretyen? 29 Pòl reponn
li: Kit koulye a, kit pita, m'ap lapriyè Bondye ni pou ou ni
pou nou tout k'ap koute m' jòdi a pou yon lè konsa nou vin
tankou m', wetan chenn sa yo! 30 Wa a, gwouvènè a,
Berenis ansanm ak tout moun ki te la yo leve. 31 Apre yo
fin ale, yonn t'ap di lòt: Nonm sa a pa fè anyen ki merite
prizon, ale wè lanmò. 32 Agripa di Festis konsa: Si nonm
sa a pa t' mande pou Seza tande l', ou ta ka lage l' wi.

27 Lè yo deside pou fè n' pati nan batiman pou peyi
Itali, yo renmèt Pòl ansanm ak kèk lòt prizonye nan
men Jiliyis, kòmandan yon batayon lame Wòm lan yo te
rele Batayon Seza. 2 Nou anbake sou yon batiman ki te
soti lavil Adramit ki tapral fè lakòt nan Lazi. Epi nou pati.
Aristak, yon moun lavil Tesalonik nan peyi Masedwan, te
avèk nou. 3 Nan denmen nou rive lavil Sidon. Jiliyis te
boule byen ak Pòl, li te ba l' pèmisyon pou li al wè zanmi l'
yo pou li al chache sa l' te bezwen. 4 Apre nou kite Sidon,
nou pase sou bò dwat lil Chip, nou lonje kòt la sou anwo,
paske van an te kontrè pou nou lòt bò a. 5 Nou travèse
lanmè a devan Silisi ak Panfili, nou rive lavil Mira nan Lisi.
6 Antan nou la, kòmandan an jwenn yon batiman ki te soti
lavil Aleksandri tapral an Itali. Li fè nou anbake sou li. 7
Pandan plizyè jou nou vwayaje ti pa ti pa. Se pa ti traka
anvan nou te ka rive devan lavil Nid. Van an pa t' ban nou
chans pou n' al pi lwen nan k'ap sa a. Nou te blije desann,
pase devan k'ap Salmone, vire anba lil Krèt. 8 Nou lonje
kòt la avèk anpil traka jouk nou rive yon kote yo rele Bon
Pò, toupre lavil Laze. 9 Nou te deja pèdi anpil tan, jou pou
jwif yo te fè jèn yo te deja pase. Lè sa a se te gwo danje
pou moun vwayaje. 10 Se poutèt sa Pòl ba yo konsèy sa
a: Mesye, mwen wè vwayaj la pral gen gwo danje ladan
li: n'ap pèdi chay la ansanm ak batiman an. Ata moun
ka mouri tou. 11 Men, kòmandan women an te gen plis
konfyans nan pawòl kaptenn lan ak amatè batiman an
pase nan pawòl Pòl. 12 Pò a pa t' bon pou yo te rete pase
sezon fredi a tou: se poutèt sa pifò moun ki te abò a te vle
pati. Yo t'ap pran chans rive Finiks, yon lòt pò nan lil Krèt
la ki bay sou lanmè nan direksyon siwa nòwa. Konsa, yo
ta ka pase sezon fredi a la. 13 Lè yo wè yon ti van swèt
leve, yo te kwè yo te kapab rive Finiks. Yo leve lank, yo
pran lonje kòt lil la. 14 Men, yon lòt moman, yon gwo van
yo rele nòde desann soti nan mòn lil la. 15 Li pran trennen
batiman an. pa t' gen mwayen kenbe tèt ak li. Nou te blije
kite l' pote n' ale. 16 Nou pase bò anba yon ti zile yo rele
Kloda. La, nou pran yon ti souf. Se pa ti traka anvan nou
resi sove ti kannòt bò a. 17 Yo rale l' moute abò. Apre sa,
yo pran mare kèk kòd, yo sentre batiman an byen sentre.
Yo te pè tou pou batiman an pa t' al chwe sou yon fon plat
ki nan mitan lanmè a devan peyi Libi. Yo desann vwal yo.
Se konsa nou kite van an bwote nou. 18 Gwo van an t'ap
bat nou pi rèd. Nan denmen, nou te blije jete chay yo
nan dlo. 19 Nan denmen ankò, marin yo voye tout aparèj
batiman an jete nan dlo ak pwòp men yo. 20 Pandan
plizyè jou nou pa wè ni solèy, ni zetwal. Van an menm t'ap
soufle byen fò toujou. Lè n' wè sa, nou pèdi tout espwa
sove. 21 Moun ki te abò yo pa t' manje anyen depi lontan.
Pòl kanpe devan yo, li di yo konsa: Mesye, nou te dwe
koute mwen. Nou pa t' dwe soti kite Krèt. Nou ta egzante
tout danje sa yo ak tout pèt sa yo. 22 Men, koulye a, m'ap
di nou pran kouraj. Pesonn p'ap mouri. Se batiman an
ase k'ap pèdi. 23 Yè oswa, Bondye m'ap sèvi a, li menm
ki mèt mwen, li voye yon zanj li bò kote m', 24 li di mwen:
Pa pè, Pòl. Fòk ou konparèt devan Seza. Epi Bondye fè
favè sa a pou ou: li ba ou lavi tout moun k'ap vwayaje
ansanm avèk ou yo. 25 Se poutèt sa, mesye, pran kouraj.
Mwen gen konfyans nan Bondye. Sa gen pou l' rive jan li
di m' lan. 26 Men, nou pral chwe sou yon zile. 27 Sa te fè
katòz nwit deja. Van an t'ap bwote nou toujou sou lanmè
Mediterane a. Vè menwi konsa, marin yo vin santi nou
t'ap pwoche bò yon tè. 28 Yo mare yon sonn nan yon
liy, yo lage l' nan fon. Yo jwenn dlo a te gen vin bras. Pi
devan ankò yo lage liy lan, yo jwenn kenz bras ase. 29 Yo
te pè pou batiman an pa moute sou resif. Yo lage kat
lank nan dèyè batiman an. Yo t'ap tann solèy la leve. 30
Marin yo menm t'ap chache chape kò yo. Yo desann ti
kannòt bò a nan dlo, yo pran pretès yo tapral mare kèk
lank devan batiman an. 31 Men, Pòl di kòmandan women
an ak sòlda yo: Si moun sa yo pa rete nan batiman an,
nou yonn p'ap sove. 32 Lè sa a, sòlda yo koupe kòd ki te
mare ti kannòt bò a, yo kite l' ale. 33 Anvan solèy leve,
Pòl mande tout moun pou yo manje yon ti manje. Li di yo:
Mezanmi, jòdi a fè katòz jou depi nou rete la san manje,
n'ap tann. 34 Tanpri, koulye a, mete kichòy nan vant nou.
N'a byen bezwen l' pou nou sove. Ata yon branch cheve
nou p'ap pèdi. 35 Lè li fin di sa, Pòl pran pen, li di Bondye
mèsi devan yo tout, li kase pen an, epi l' kòmanse manje.
36 Tout moun reprann kouraj; yo menm tou yo manje. 37
Te gen desanswasannsèz (276) moun antou abò batiman
an. 38 Lè yo fin manje kont yo, yo jete rès ble a nan
lanmè pou deleste batiman an. 39 Lè solèy leve, marin yo
pa t' rekonèt tè a. Men, yo wè yon lans ak yon bèl plaj. Yo
fè lide pran chans ale fè tè la. 40 Yo demare lank yo, yo
lage yo nan lanmè. Yo demare kòd ki te kenbe zaviwon ki
te sèvi yo gouvènay la. Yo moute fòk la pou van an pouse
batiman an tou dwat devan yo. Yo mete k'ap sou plaj la.
41 Men, batiman an moute sou yon ban sab nan mitan de
kouran, li chwe. Devan batiman an te antre kole nan sab
la, dèyè a menm gwo lanm yo t'ap fin kraze li. 42 Sòlda
yo te vle touye prizonye yo pou okenn ladan yo pa t' naje
sove. 43 Men, kòmandan women an ki te vle sove Pòl di
yo non pa fè sa. Li bay lòd pou tout moun ki konn naje
jete kò yo nan dlo anvan pou y' al atè. 44 Lòt moun yo va
swiv apre, y'a kenbe kèk planch osinon kèk moso nan

batiman an. Se konsa nou tout nou rive atè anbyen, san
lòt donmaj ni malè.

28 Se lè nou fin sove, nou vin konnen lil la te rele Malt.
2 Moun peyi a te aji byen anpil avèk nou. Lapli t'ap
tonbe, te fè frèt anpil. Yo limen yon gwo boukan pou
resevwa nou. **3** Pòl te ranmase yon ti pakèt fachin, li t'ap
mete l' nan dife a lè yon sèpan soti nan chalè dife a, li
vlope nan men li. **4** Lè moun zile yo wè sèpan an pandye
nan men Pòl, yonn t'ap di lòt: Gen lè nonm sa a se yon
ansasen. Li chape nan nofraj la, epi men jistis Bondye ap
pousib li toujou. **5** Pòl annik souke men l', epi bèt la tonbe
nan dife a. Li pa t' santi anyen ankò. **6** Lòt moun yo menm
t'ap tann pou yo wè Pòl vin anfle osinon pou l' tonbe mouri
frèt. Moun yo tann, yo tann. Lè yo wè anyen pa rive l', yo
chanje lide, yo di: Nonm sa a, se yon bondye. **7** Toupre
bò la, te gen yon bitasyon ki te pou Pibliyis, pi grannèg
nan lil la. Li resevwa nou ak kè kontan. Nou fè ladesant
lakay li pandan twa jou. **8** Papa Pibliyis te kouche malad
ak yon lafyèb ak dyare. Pòl antre ale wè l', li lapriyè, li
mete men l' sou tèt li, li geri li. **9** Apre sa, tout lòt moun
ki te malad nan lil la te vini tou. Yo tout te geri. **10** Yo
fè nou anpil kado. Lè pou n' anbake menm, yo ban nou
tou sa nou te bezwen pou vwayaj la. **11** Apre twa mwa,
nou pati nan yon batiman Aleksandri ki te pase tout tan
fredi a nan lil la. Yo te rele batiman an Marasa. **12** Lè nou
rive Sirakiz, nou rete la pandan twa jou. **13** Lè nou pati,
nou lonje kòt la jouk nou rive Rijio. Nan denmen, yon van
swèt leve: apre de jou vwayaj nou rive Pouzòl. **14** La, nou
jwenn kèk frè ki mande pou n' pase sèt jou ak yo. Se
konsa nou rive lavil Wòm. **15** Frè lavil Wòm yo ki te pran
nouvèl nou vin kontre nou jouk nan Mache Apiyis ak nan
Kalfou Twa Kafe. Lè Pòl wè yo, li di Bondye mèsi, li pran
kouraj. **16** Lè nou rive Wòm, yo kite Pòl rete pou kont li ak
yon sèl sòlda pou veye li. **17** Apre twa jou, Pòl fè rele chèf
jwif yo ki lavil Wòm. Lè yo reyini, li di yo: Frè m' yo, san m'
pa fè anyen kont pèp la, ni kont koutim zansèt nou yo, jwif
yo rete konsa, yo arete m' lavil Jerizalèm, yo lage m' nan
men women yo. **18** Lè women yo fin keksyonnen m', yo te
vle lage m' paske yo pa t' jwenn okenn rezon ki pou ta fè
m' merite lanmò. **19** Men, jwif yo kenbe la ak yo. Mwen
te blije mande pou Seza tande kòz mwen. Men, mwen
menm pou tèt pa m', mwen pa gen okenn plent pou m' fè
pou moun menm peyi avè m' yo. **20** Se poutèt sa mwen
fè rele nou pou m' wè nou, pou m' pale ak nou, pou m' di
nou se poutèt moun pèp Izrayèl t'ap tann lan kifè yo mare
m' ak chenn sa a. **21** Yo reponn li: Nou pa resevwa okenn
lèt soti peyi Jide sou ou. Okenn frè pa soti laba vin isit
pou ban nou nouvèl, ni pou pale mal sou ou. **22** Men,
nou ta renmen tande kisa ou gen nan tèt ou, paske nou
konnen toupatou yo pa vle wè gwoup ou fè pati a. **23** Yo
fikse l' yon jou. Lè sa a, yo te anpil ki te vin jwenn li kote li
te ye a. Depi nan maten jouk nan aswè, Pòl t'ap ba yo
esplikasyon: li t'ap fè yo konnen gouvènman Bondye ki
wa a. Li pran lalwa Moyiz la ak liv pwofèt yo, li t'ap chache
fè yo rekonèt ki moun Jezi ye. **24** Gen ladan yo ki te kwè
sa l' t'ap di yo. Men, gen lòt ki pa t' vle kwè menm. **25** Yo
vire do yo san yo pa t' tonbe dakò. Lè Pòl wè sa, li ajoute
pawòl sa a pou yo: Sentespri te gen rezon pale konsa ak
zansèt nou yo nan bouch pwofèt Ezayi, lè l' te di: **26** Ale
jwenn pèp sa a, di l' pou mwen: Pou tande n'a tande nan
zòrèy nou, men nou p'ap konprann anyen. Pou gade n'a
gade ak je nou, men nou p'ap wè. **27** Paske lespri pèp sa
a vin lou, yo bouche zòrèy yo, yo fèmen je yo, pou yo pa
wè ak je yo, pou yo pa tande nan zòrèy yo, pou yo pa
konprann ak lespri yo, pou yo pa tounen vin jwenn mwen
pou m' geri yo. Se Bondye menm ki di sa. **28** Apre sa, Pòl
di yo: Koulye a, nou fèt pou nou konnen Bondye fè moun
lòt nasyon yo konnen l'ap delivre yo tou. Yo menm, y'ap
tande li. **29** Lè l' te fin di sa, jwif yo al fè wout yo, yo t'ap
diskite yonn ak lòt. **30** Pòl te rete pandan dezan nan yon
kay li te lwe. Li te resevwa tout moun ki te vin wè li. **31** Li
t'ap fè konnen gouvènman Bondye ki wa a, li t'ap moutre
moun yo tout bagay sou Jezikri, Seyè a, kareman san
pesonn pa janm chache l' kont.

Ròm

1 Se mwen menm Pòl, sèvitè Jezikri, yon nonm Bondye
rele pou sèvi li apòt, yon nonm li mete apa pou anonse
bon nouvèl li a, k'ap ekri nou tout kretyen ki nan lavil
Wòm. **2** Depi lontan Bondye te pwomèt bon nouvèl sa a
pa bouch pwofèt li yo, nan Liv Sentespri te fè yo ekri a.
3 Bon Nouvèl sa a pale nou sou Pitit li a, Jezikri, Seyè
nou an. Lè pou l' te fèt tankou yon moun, Jezi soti nan
fanmi wa David. **4** Men, dapre Sentespri ki fè nou viv pou
Bondye, li te fè nou wè avèk pouvwa se Pitit Bondye a li
ye, lè l' te leve soti vivan nan lanmò. **5** Gremesi Jezikri sa
a, Bondye fè m' favè pou m' travay tankou apòt, pou m'
mennen moun tout nasyon, nan non menm Kris la, pou yo
vin kwè nan li, pou yo obeyi li. **6** Nou menm kretyen ki
nan lavil Wòm, nou fè pati nasyon sa yo tou: Bondye rele
nou pou n' antre nan fanmi Jezikri a. **7** Se sak fè m'ap ekri
nou, nou menm Bondye renmen anpil, nou menm Bondye
rele pou viv apa pou li. Mwen mande Bondye, Papa nou,
ansanm ak Jezikri, Seyè a, pou yo ban nou benediksyon
ak kè poze. **8** Anvan m' di nou lòt bagay, kite m' di Bondye
mèsi pou nou gremesi Jezikri. Paske, toupatou sou latè
y'ap pale jan nou gen konfyans nan Bondye. **9** Mwen
pran Bondye pou temwen, Bondye m'ap sèvi ak tout kè
mwen lè m'ap anonse bon nouvèl Pitit li a. Se toutan m'ap
nonmen non nou; **10** se san rete m'ap lapriyè pou nou;
m'ap mande Bondye pou l' kite mwen vin vizite nou yon lè
konsa, si se volonte li. **11** Se pa ti anvi mwen pa anvi wè
nou pou m' separe ak nou kèk benediksyon Bondye ban
mwen, pou n' kapab vin pi fèm. **12** Mwen vle di pito, pou
m' ta la nan mitan nou, pou yonn kapab ankouraje lòt ak
konfyans nou gen ansanm nan menm Bondye a. **13** Frè
m' yo, mwen vle nou konn sa: plizyè fwa menm, mwen fè
lide al vizite nou, pou jan mwen te anvi wè travay mwen
bay bon rezilta nan mitan nou menm jan li bay bon rezilta
nan mitan lòt nasyon yo. Men, chak fwa mwen jwenn
anpechman, jouk koulye a. **14** Se yon devwa pou mwen
pou m' anonse bon nouvèl la bay tout moun: kit yo eklere,
kit yo pa eklere, kit yo konn li, kit yo pa konn li. **15** Se
poutèt sa, m' anvi vin anonse bon nouvèl la ban nou, nou
menm ki rete lavil Wòm. **16** Mwen pa wont anonse bon
nouvèl la: se pouvwa Bondye ki la pou delivre tout moun
ki kwè, jwif yo an premye, apre yo moun lòt nasyon yo
tou. **17** Bon nouvèl sa a fè nou wè ki jan Bondye fè moun
gras. Travay sa a, li kòmanse ak konfyans moun gen nan
Bondye, li fini nan menm konfyans la tou, jan sa te ekri a:
Moun Bondye fè gras paske li gen konfyans nan Bondye,
se li menm ki va gen lavi. **18** Se poutèt sa, n'ap wè kòlè
Bondye soti nan syèl la, li tonbe sou tout mechanste ak
tout lenjistis moun fè. Sitèlman kè yo pa bon, y'ap chache
anpeche verite a fè travay li. **19** Bondye ap peni yo tou
paske tou sa yo ka konnen sou Bondye parèt byen klè
devan je yo. Se Bondye menm ki fè sa konsa pou yo. **20**
Se vre wi. Depi Bondye te fin kreye tout bagay, tout moun
ki egzaminen travay li yo ka konprann ki kalite moun
Bondye ye, bagay nou pa ka wè ak je nou: ki vle di, jan li
gen yon pouvwa ki p'ap janm fini, jan li se Bondye tout
bon. Se sak fè moun sa yo pa gen eskiz menm. **(aïdios
g126)** **21** Yo te konn Bondye byen pwòp, men yo pa bay
Bondye lwanj ki pou li, yo pa di l' mèsi jan l' merite l' la.
Lekontrè, y'ap mete yon bann lide ki pa gen sans nan tèt
yo, yo san konprann, fènwa fin plen kè yo. **22** Y'ap mache
di se moun lespri yo ye. Men, se fou yo fin fou. **23** Pase
pou yo adore Bondye ki p'ap janm mouri a ak tout bèl
bagay li yo, yo pito sèvi pòtre moun ki gen pou mouri,
pòtre zwazo, pòtre bèt kat pa t' ak bèt ki trennen sou vant.
24 Lèzòm vin sitèlman fou, Bondye kite yo tonbe nan fè
tout kalite bagay ki pa dakò ak volonte li dapre vye lanvi
ki nan kè yo. Se yon wont pou wè sa yo fè ak pwòp kò
yo. **25** Yo mete manti nan plas verite Bondye a. Yo pito
adore kreyati Bondye, yo pito sèvi yo pase pou yo adore
Bondye ki kreye yo a, li menm ki merite pou n' fè lwanj li
tout tan. Amèn. **(aiōn g165)** **26** Se poutèt sa, Bondye kite
yo fè sa yo pito. Men, se sa k'ap avili yo tou: fanm pa vle
sèvi ak kò yo jan yo dwe; yo pito fè sa ki pa bon. **27** Se
konsa tou, gason derefize sèvi ak fanm jan sa te dwe fèt.
Yo pran dife yonn pou lòt: gason fè malpwòpte ak gason
parèy yo. Yo pèdi tèt yo nèt. Men tou, yo resevwa nan kò
yo penisyon yo merite a. **28** Yo refize bay Bondye premye
plas nan kè yo. Bondye tou kite yo tonbe anba pouvwa
lespri yo ki fin deraye pou yo fè bagay yo pa t' dwe fè. **29**
Men sèl lide ki nan tèt yo: se fè tout kalite lenjistis, tout
kalite mechanste, se anvi sò moun, se fè rayisab. Se sa
sèlman ki nan kè yo: fè jalouzi, touye moun, chache moun
kont, fè riz, fè koken. Yo tripòt konsa. **30** Yonn pale lòt
mal. Yo pa vle wè Bondye, yo ensolan, yo awogan, yo
grandizè. Yo toujou ap chache lòt jan pou fè sa ki mal, yo
fwonte ak paran yo. **31** Yo san konsyans, yo pa kenbe
pawòl yo. Kè yo di konsa, yo san pitye pou lòt moun. **32**
Yo konn jijman Bondye a byen pwòp: yo konnen moun ki
fè bagay sa yo merite lanmò. Atousa, y'ap plede fè yo
toujou. Sa ki pi rèd, yo dakò ak moun k'ap fè yo tou.

2 Monchè, nenpòt sa ou ye, ou menm k'ap jije lòt moun
yo, ou pa gen eskiz. Ou menm k'ap fè menm bagay ak
lòt yo, se pwòp tèt pa ou w'ap kondannen lè w'ap jije yo.
2 Nou konnen Bondye ap jije moun k'ap fè bagay sa yo,
epi l'ap jije yo yon jan k'ap dakò ak verite a. **3** Monchè, ou
menm k'ap jije moun k'ap fè bagay sa yo epi k'ap aji menm
jan an tou, èske ou kwè wa chape anba jijman Bondye a?
4 Osinon, èske se meprize w'ap meprize Bondye ki gen
bon kè anpil, ki gen pasyans anpil, ki sipòte nou anpil? Se
konnen ou pa konnen se pou l' ka rele ou vin chanje lavi
ou kifè Bondye gen bon kè konsa? **5** Men, w'ap fè tèt di.
Ou pa soti pou chanje lavi ou. Se poutèt sa, w'ap pare
yon pi gwo chatiman mete la tann ou pou jou Bondye va
fè wè kòlè li ansanm ak jijman li k'ap fèt san patipri. **6** Lè
sa a, Bondye va bay chak moun sa yo merite dapre sa yo
fè. **7** Moun ki pa janm sispann fè byen, k'ap chache lwanj
ak respè, k'ap chache mwayen pou yo pa janm mouri,

moun sa yo va resevwa lavi ki p'ap janm fini an. **(aiōnios g166)** **8** Men, moun k'ap kenbe tèt ak Bondye, k'ap refize
asepte verite a pou fè sa ki pa bon, moun sa yo, yo fè
Bondye fache. Kòlè l' va tonbe sou yo. **9** Anpil soufrans
ak anpil lapenn pou tout moun ki lage kò yo nan fè sa ki
mal, pou jwif yo an premye, apre yo pou moun lòt nasyon
yo. **10** Men, Bondye va bay tout moun k'ap fè sa ki byen
lwanj, respè ak kè poze, jwif yo an premye, apre yo moun
lòt nasyon yo. **11** Paske, Bondye pa gade sou figi moun.
12 Tout moun ki pa t' konn lalwa Moyiz la epi ki fè sa ki
mal, y'ap peri san lalwa pa reskonsab. Men, tout moun ki
konnen lalwa a epi ki fè sa ki mal, y'ap pase anba jijman
dapre lalwa a. **13** Moun ki mache dwat devan Bondye, se
pa moun k'ap tande lalwa a nan zòrèy yo sèlman, men se
moun ki fè sa lalwa a mande. **14** Moun lòt nasyon yo ki
pa gen lalwa Moyiz la, yo fè sa lalwa a mande san yo pa
konnen. Yo menm ki pa gen lalwa Moyiz la, yo tounen yon
lwa pou pwòp tèt pa yo menm si yo pa t' konn lalwa a. **15**
Konsa, yo moutre ki jan sa lalwa Moyiz mande a ekri nan
kè yo. Konsyans yo moutre sa tou paske yon lè konsyans
yo repwoche yo sa yo fè, yon lòt lè konsyans yo dakò
ak sa yo fè. **16** Dapre bon nouvèl m'ap anonse a, se sa
menm ki gen pou rive lè Bondye va voye Jezikri pou jije
tou sa lèzòm t'ap fè an kachèt. **17** Ou menm yo rele jwif
la, ou apiye kò ou sou lalwa a. W'ap vante tèt ou dèske
ou konn Bondye. **18** Ou konnen sa Bondye vle ou fè;
lalwa a moutre ou ki jan pou ou chwazi sa ki byen. **19** Ou
mete nan tèt ou ou ka moutre moun ki pa wè yo chemen
pou yo pran. Ou konprann se yon limyè ou ye pou moun
ki nan fènwa, **20** yon pwofesè lekòl pou timoun; ou kwè
ou ka moutre moun ki pa konnen anyen yo anpil bagay.
Ou mete tou sa nan tèt ou paske ou sèten ou jwenn tout
konesans ak tout verite nan lalwa a. **21** Enben, ou menm
k'ap bay lòt yo leson, poukisa ou pa bay tèt ou leson tou?
22 W'ap mande moun pou yo pa vòlò, epi w'ap vòlò: w'ap
dèfann moun fè adiltè epi ou menm, w'ap fè adiltè! Ou di
ou rayi zidòl, epi w'ap piye tanp zidòl yo! **23** Wi, ou menm
k'ap vante tèt ou deske ou gen lalwa Bondye a ou se
yon wont pou Bondye, pou jan w'ap dezobeyi lalwa a!
24 Se sa menm ki te ekri: Se nou menm jwif yo ki lakòz
moun lòt nasyon yo ap plede pale Bondye mal konsa.
25 Si ou fè sa lalwa a mande ou fè, sikonsizyon an gen
valè pou ou. Men, si w'ap dezobeyi lalwa a, se tankou si
ou pa t' janm sikonsi. **26** Lè yon moun lòt nasyon ki pa
sikonsi fè sa lalwa a mande, èske Bondye p'ap gade li
tankou yon moun ki sikonsi? **27** Moun lòt nasyon yo ki pa
sikonsi men k'ap obeyi lalwa a, yo gen pou yo jije ou, ou
menm jwif k'ap dezobeyi lalwa a atout ou gen liv lalwa a
nan men ou, atout ou sikonsi a. **28** Se pa moun ki gen
aparans jwif ki jwif tout bon. Se pa sikonsizyon ki kite mak
nan kò moun ki sikonsizyon tout bon an. **29** Jwif ki jwif
tout bon, se moun ki jwif nan kè yo. Sikonsizyon tout bon
an, se sikonsizyon ki make kè moun. Sa se travay Lespri
Bondye a, se pa travay lalwa ki ekri nan liv. Lwanj yon jwif
konsa pa soti nan men moun, men nan men Bondye.

3 Nan kondisyon sa a, lè yon moun jwif, ki avantaj ki
gen nan sa? Kisa sikonsizyon an fè pou li? **2** Tout jan,
li gen anpil avantaj. Pou kòmanse, se jwif yo Bondye te
mete reskonsab pawòl li yo. **3** Bon, tande non. Si gen
ladan yo ki pa kenbe pawòl yo, èske poutèt sa Bondye
p'ap kenbe pawòl li tou? **4** O non, lekontrè. Menm si tout
moun ap bay manti, Bondye gen pou fè sa ki pou fèt la
rive vre. Se sa menm ki ekri nan Liv la: Se pou yo rekonèt
se ou menm ki gen rezon lè w'ap pale. Se ou menm ki
pou gen pwose a lè y'ap jije ou. **5** Men, si lè nou fè sa ki
mal, sa fè moun wè pi klè se Bondye ki gen rezon, kisa
n'a di lè sa a? Eske poutèt sa lè Bondye peni nou li gen
tò? (Eskize m' wi, m'ap pale tankou moun.) **6** Men non! Si
lè sa a Bondye pa gen rezon, ki jan Bondye va fè pou jije
moun? **7** Bon, si lè m' bay manti, sa fè verite Bondye a
parèt pi klè, si sa sèvi yon lwanj pou Bondye, poukisa pou
l' ta jije m' tankou yon moun ki fè sa ki mal? **8** Poukisa
nou pa di pito: Ann fè sa ki mal pou Bondye ka fè plis
byen toujou! Gen kèk malpalan ki pretann se sa mwen di.
Enben, Bondye ap kondannen moun sa yo, epi la gen
rezon. **9** Men, sa sa ye menm? Nou menm jwif, èske
nou pi bon pase moun lòt nasyon yo? Non, se pa vre
menm. Mwen deja moutre nou sa: tout moun, ou te mèt
jwif, ou te mèt pa jwif, tout moun anba pouvwa peche a.
10 Jan sa ekri nan Liv la: Nanpwen moun ki gen rezon
devan Bondye. Non, pa menm yon grenn. **11** Yo yonn pa
gen konprann. Yo yonn p'ap chache Bondye. **12** Yo tout
lage kò yo nan bwa, yo tout pèdi chemen yo. Nanpwen
yonn ladan yo k'ap fè sa ki byen. Non, pa menm yon sèl.
13 Bouch yo ou ta di yon kavo ki louvri. Se twonpe y'ap
twonpe moun ase ak lang yo. Pawòl nan bouch yo se
pwazon, ou ta di venen sèpan aspik. **14** Bouch yo plen
madichon ak jouman. **15** Ti krik ti krak, se fè san koule.
16 Kote yo pase se dega, se malè yo kite dèyè. **17** Yo pa
konn ki jan pou yo viv byen ak moun. **18** Yo mete nan tèt
yo pa gen rezon pou gen krentif Bondye. **19** Nou konnen
egzijans lalwa se pou moun ki anba lalwa. Konsa, pa
gen eskiz ki pou soti nan bouch pesonn: tout moun antò
devan Bondye. **20** Se pa paske yon moun fè sa lalwa a
mande kifè li inonsan devan Bondye. Poukisa? Paske
lalwa annik fè nou konnen sa nou fè a pa bon. **21** Men
koulye a, Bondye fè nou wè ki jan li fè moun gras. Lalwa
pa gen anyen pou wè nan sa. Se sa liv lalwa a ansanm
ak liv pwofèt yo di nou tou. **22** Se lè moun mete konfyans
yo nan Jezikri Bondye fè yo gras. Li fè l' pou tout moun ki
kwè nan Kris la, paske yo tout se menm. **23** Tout moun fè
peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a. **24**
Men Bondye ki renmen yo, li fè yo gras. Li fè sa pou yo
gratis, gremesi Jezikri ki vin delivre yo. **25** Se li menm,
Jezikri, Bondye te ofri tankou bèt pou touye. Li bay san li
pou tout moun ki mete konfyans yo nan li ka resevwa
padon pou peche yo. Bondye te vle moutre nou ki jan li fè
moun gras. Nan tan lontan, Bondye te pran pasyans, li te
fèmen je l' sou peche moun te fè. **26** Men koulye a, li
moutre nou ki jan l'ap fè moun gras, paske li fè nou wè

se li menm ki gen rezon, an menm tan l'ap fè tout moun
ki kwè nan Jezi yo gras. 27 Bon. Nan kondisyon sa a,
ki rezon moun genyen pou y'ap fè grandizè ankò? Pa
genyen menm. Poukisa? Eske se paske yo fè sa lalwa
mande? Non. Men, paske yo fè Bondye konfyans. 28
Nou kenbe sa nou di a: se paske yon moun gen konfyans
nan Bondye kifè Bondye fè l' gras, se pa paske li fè sa
lalwa mande. 29 Eske Bondye se Bondye jwif yo sèlman?
Eske li pa Bondye moun lòt nasyon yo tou? Men wi, li
se Bondye moun lòt nasyon yo tou. 30 Paske se yon
sèl Bondye a ki genyen. L'ap fè moun ki sikonsi yo gras
paske yo gen konfyans nan li. Konsa tou, l'ap fè moun ki
pa sikonsi yo gras paske yo menm tou yo gen konfyans
nan li. 31 Bon. Jan nou pale a, èske konfyans nan Bondye
fè lalwa a pèdi valè li? Men non, okontrè, nou kanpe lalwa
a pi rèd.

4 Kisa n'a di konsènan Abraram, granpapa nou? Kisa
l' te jwenn? 2 Si se sa Abraram te fè a ki te fè Bondye
fè l' gras, li ta mèt fè grandizè. Men, li pa ka fè sa devan
Bondye. 3 Men sa ki ekri nan Liv la: Abraram te mete
konfyans li nan Bondye, se poutèt sa Bondye fè l' gras. 4
Moun ki fè yon travay resevwa lajan pou sa l' fè a. Lajan
yo ba li a, se pa yon favè, ni se pa kado yo fè li. Se yon
bagay yo dwe li. 5 Okontrè, moun ki pa fè okenn travay
pou yo dwe li kichòy, men ki mete konfyans li nan Bondye
sèlman, Bondye k'ap fè tout moun ki meprize l' yo gras,
ap fè moun sa yo gras tou paske yo mete konfyans yo
nan li. 6 Se sa David te vle di, lè l' deklare: yon moun
Bondye fè gras san Bondye pa gade sou sa l' fè, se moun
konsa ki beni: 7 Ala bon sa bon pou moun lè Bondye
padonnen peche yo, lè Bondye pa gade sou fòt yo fè! 8
Ala bon sa bon pou yon moun lè Bondye pa mande l' kont
pou sa li fè ki mal! 9 Eske benediksyon sa a se pou moun
ki sikonsi yo ase? Eske se pa pou moun ki pa sikonsi yo
tou? Nou fèk sot di se paske Abraram te mete konfyans li
nan Bondye kifè Bondye te fè l' gras. 10 Kilè sa te rive?
Eske se te anvan Abraram te sikonsi an, osinon nan apre?
Non. Se pa t' nan apre. Se te anvan li te sikonsi. 11 Se
lontan apre sa Abraram te resevwa sikonsizyon an tankou
yon letanp. Se te mak ki te pou moutre Bondye te fè l'
gras, paske li te kwè anvan menm li te sikonsi. Se poutèt
sa Abraram se papa tout moun ki mete konfyans yo nan
Bondye, menm si yo pa sikonsi. Moun sa yo, Bondye ap
fè yo gras. 12 Abraram se papa moun ki sikonsi yo tou.
Pa paske yo sikonsi ase, men paske yo menm tou yo
swiv egzanp konfyans Abraram, papa nou, te gen nan
Bondye anvan menm li te sikonsi. 13 Bondye te pwomèt
Abraram ak pitit pitit li yo pou l' te ba yo tout latè pou
eritaj. Bondye pa t' fè pwomès sa a paske Abraram te fè
sa lalwa mande, men paske Abraram te gen konfyans
nan li. Se sak fè Bondye te fè l' gras. 14 Si sa Bondye te
pwomèt la se te pou moun ki fè sa lalwa a mande, moun
pa ta bezwen gen konfyans nan Bondye ankò; pwomès
li a pèdi tout valè li. 15 Poukisa? Paske lalwa rale kòlè
Bondye sou moun. Men, kote ki pa gen lalwa, moun pa
ka dezobeyi lalwa. 16 Konsa, Bondye fè pwomès la pou
moun ki gen konfyans nan li. Se sak fè, pwomès la se yon
favè Bondye pou tout pitit pitit Abraram yo, pa sèlman pou
moun ki fè sa lalwa Moyiz la mande, men pou tout moun
ki gen konfyans nan Bondye menm jan Abraram te gen
konfyans nan li a. Abraram se papa nou tout, 17 jan sa
ekri nan Liv la: Mwen fè ou tounen zansèt moun anpil
nasyon. Wi, Abraram se papa nou tout devan Bondye,
li te mete konfyans li nan Bondye ki fè moun mouri yo
leve vivan ankò, nan Bondye ki kreye tout bagay ki pa t'
la. 18 Abraram te gen konfyans nan Bondye, li t'ap tann
pwomès la, malgre lè sa a li pa t' gen okenn rezon pou
l' te tann ankò. Se sak fè li tounen zansèt moun anpil
nasyon dapre sa Bondye te di l': Pitit pitit ou yo va anpil.
19 Lè sa a, Abraram te prèt pou gen santan sou tèt li.
Men, konfyans li pa t' febli lè l' te gade kò l' ki te fin ale, epi
pou l' te wè Sara, madanm li, ki pa t' ka fè pitit ankò. 20
Non, li pa t' pèdi konfyans nan Bondye, li pa t' janm mete
nan tèt li pwomès Bondye a te ka pa rive. Okontrè, li te vin
gen plis konfyans toujou; epi li t'ap chante lwanj Bondye.
21 Li te gen fèm konviksyon Bondye te gen pouvwa pou l'
te fè sa l' te pwomèt la. 22 Se konsa, poutèt konfyans
Abraram te gen nan Bondye a, Bondye fè l' gras. 23 Men,
se pa pou Abraram sèlman yo te ekri pawòl sa yo: Li fè li
gras. 24 Pawòl sa yo te ekri pou nou tou. L'ap fè nou gras
tou, nou menm ki mete konfyans nou nan moun li fè soti
vivan pami mò yo, Jezikri, Seyè nou an. 25 Se Jezi sa a
ki te mouri pou peche nou yo epi ki leve soti vivan ankò
pou fè Bondye fè nou gras.

5 Koulye a, paske nou gen konfyans nan Bondye,
Bondye fè nou gras, n'ap viv san kè sote ak Bondye,
gremesi Jezikri, Seyè nou an. 2 Paske nou gen konfyans
nan li, Jezi fè nou antre nan favè Bondye. Epi n'ap kenbe
fèm kote nou kanpe a. Nou pa manke kontan paske
nou gen espwa resevwa pa nou nan pouvwa Bondye a
ansanm avèk li. 3 Nou pa manke kontan menm lè n'ap
soufri. 4 Poukisa? Paske nou konnen lè n'ap soufri sa fè
nou gen pasyans. Lè nou gen pasyans konsa, sa ban
nou kouraj pou nou soufri. Plis nou gen kouraj, se plis
nou gen espwa. 5 Espwa sa a p'ap janm twonpe nou,
paske Bondye te fè nou wè jan l' renmen nou lè li ban
nou Sentespri li. 6 Se konsa, lè nou pa t' kapab fè anyen
pou tèt pa nou, Kris la mouri pou tout moun ki meprize
Bondye, nan tan Bondye te fikse pou sa te rive a. 7 Se
pa fasil pou ou jwenn yon moun asepte mouri pou yon
nonm ki gen rezon. Ou ta ka jwenn yonn konsa ki ta gen
kouraj mouri pou yon nonm debyen. 8 Sou pwen sa a,
Bondye moutre nou jan li renmen nou anpil; paske nou
t'ap fè peche toujou lè Kris la mouri pou nou. 9 Se paske
li bay san li pou nou kifè koulye a Bondye fè nou gras.
Nou pa bezwen mande si Kris la p'ap delivre nou tou
anba kòlè Bondye. 10 Nou te lènmi ak Bondye lè Pitit
Bondye a mouri pou l' te fè nou byen ak Bondye ankò.
Koulye a nou se zanmi Bondye, nou pa bezwen mande

si lavi Pitit Bondye a p'ap delivre nou. **11** Epi se pa sa
sèlman. Nou jwenn tout plezi nou nan Bondye, gremesi
Jezikri, Seyè nou an, ki fè nou byen ak Bondye ankò depi
koulye a. **12** Se poutèt yon sèl moun peche antre sou
latè. Peche a louvri pòt pou lanmò. Se konsa lanmò vin
pou tout moun, paske tout moun fè peche. **13** Peche te
deja sou latè lontan anvan Lalwa Moyiz la. Men, paske pa
t' gen lalwa, Bondye te fèmen je l' sou peche. **14** Men,
soti nan tan Adan rive nan tan Moyiz, lanmò te donminen
sou tout moun, malgre yo pa t' fè peche tankou Adan ki te
dezobeyi Bondye. Adan, se te pòtre moun ki te gen pou
vini an. **15** Men, peche Adan an pa menm bagay ak kado
Bondye bay pou gremesi a. Se fòt yon sèl moun ki lakòz
yon bann lòt moun mouri. Men, favè Bondye a gen plis
pouvwa toujou. Gremesi yon sèl moun, Jezikri, Bondye
bay anpil moun yon kado ki pi gwo toujou. **16** Gen yon lòt
diferans ankò ant kado Bondye a ak konsekans peche
Adan an. Apre yon sèl moun te fin peche, lè yo jije moun,
yo tout tonbe anba kondannasyon. Men, apre tout kantite
peche moun fè, Bondye fè yo yon favè, li fè yo gras. **17**
Se vre wi. Poutèt peche yon sèl moun, lanmò te donminen
akòz li menm sèlman. Men, gremesi yon sèl moun tou,
Jezikri, nou jwenn plis toujou: tout moun ki resevwa favè
Bondye a an kantite, tout moun ki resevwa kado Bondye a
lè li fè yo gras, yo gen pou yo viv, pou yo donminen akòz
Kris la. **18** Se sak fè menm jan fòt yon sèl moun lakòz
tout moun kondannen, konsa tou gremesi yon sèl moun
ki mache dwat devan Bondye, tout moun delivre anba
jijman kondannasyon, yo jwenn lavi. **19** Si dezobeyisans
yon sèl moun lakòz yon foul moun fè peche, konsa tou
obeyisans yon sèl moun lakòz Bondye va fè anpil moun
gras. **20** Lalwa antre nan koze a pou fè moun peche plis
toujou. Men, kote moun fè plis peche a, se la favè Bondye
a vide pi rèd sou yo. **21** Se sak fè, menm jan peche a
te bay lanmò lè l' te donminen sou nou, konsa tou lè se
favè Bondye a ki donminen sou nou, li fè moun gras, li ba
yo lavi ki pa janm fini an, gremesi Jezikri, Seyè nou an.
(aiōnios g166)

6 Nan kondisyon sa a, kisa n'a di? Eske nou mèt kontinye
ap viv toujou nan peche pou favè Bondye a ka vin pi
plis toujou? **2** Non. Sa pa ka fèt. Poukisa? Paske annegad
peche nou mouri. Ki jan pou n' ta ka kontinye ap viv toujou
nan peche? **3** Eske nou pa konn sa: nou tout ki resevwa
batèm pou n' te fè yonn ak Jezikri, avèk batèm sa a nou te
fè yonn avè l' nan lanmò li. **4** Se sak fè, avèk batèm nou
an nou te antere ansanm avè l', nou te mouri ansanm avè
l' tou. Men, menm jan Papa a te fè l' leve soti nan lanmò
avèk gwo fòs pouvwa li, konsa tou nou menm nou ka
mennen yon lòt lavi. **5** Menm jan nou fè yonn ak li paske
nou te mouri yon jan tankou li menm li te mouri a, konsa
tou n'a fè yonn avè li, paske n'a leve soti vivan nan lanmò
tankou l' tou. **6** Nou konn sa byen: vye moun nou te ye
anvan an, sa mouri avèk Kris la sou kwa a. Konsa, sa nou
gen nan kò nou ki te konn fè nou fè peche a fini. Nou pa
esklav peche ankò. **7** Lè yon moun mouri, li delivre anba
pouvwa peche a. **8** Si nou mouri ansanm ak Kris la, nou
kwè nava viv tou ansanm avè li. **9** Nou konnen Kris la te
leve soti vivan nan lanmò, li pa gen pou l' mouri ankò;
lanmò pa gen okenn pouvwa sou li. **10** Lè l' te mouri, se
pou peche li te mouri. Li mouri yon sèl fwa, li p'ap janm
mouri ankò. Koulye a l'ap viv, se pou Bondye l'ap viv. **11**
Konsa tou, nou menm, konsidere tèt nou tankou moun
ki deja mouri annegad peche epi k'ap viv pou Bondye
ansanm avèk Jezikri. **12** Pa kite peche donminen sou kò
nou ki gen pou mouri a, pou l' fè nou fè tou sa kò a anvi
fè. **13** Pa lage okenn pati nan kò nou nan peche, pou
peche a pa sèvi avè l' pou fè sa ki mal. Okontrè, tankou
moun ki delivre anba lanmò epi k'ap viv, ann lage kò nou
nan men Bondye. Wi, mete tout pati nan kò nou nan men
Bondye pou l' ka sèvi ak yo pou fè sa ki byen. **14** Peche
pa dwe donminen sou nou, paske nou pa anba pouvwa
lalwa Moyiz la ankò, se anba favè Bondye a nou ye. **15**
Kisa sa vle di menm? Paske nou pa anba lalwa Moyiz la
ankò men anba favè Bondye a, èske nou ta mèt fè peche
pou sa? Men non. **16** Nou konn sa byen: Si nou lage
tèt nou nan men yon moun pou nou sèvi l' esklav pou n'
obeyi l', nou tounen esklav moun n'ap obeyi a. Si nou
lage kò nou nan peche, nou tounen esklav peche k'ap fè
nou jwenn ak lanmò. Men, si nou lage kò nou nan obeyi
Bondye, n'a esklav obeyisans k'ap fè nou mache dwat
devan Bondye. **17** Men, ann di mèsi Bondye! Paske yon
lè nou menm nou te esklav peche; men koulye a, egzanp
nou jwenn nan sa yo te moutre nou an, n'ap swiv li ak tout
kè nou. **18** Nou delivre anba peche. Koulye a se esklav
sa ki byen nou ye. **19** M'ap pale ak nou tankou lèzòm ta
pale paske nou fèb nan kò nou. Te gen yon lè nou te lage
tout kò nou nan fè move bagay ak mechanste, tankou
moun ki esklav yo pou n' te fè sa ki mal. Konsa tou koulye
a, ann lage tout kò nou nan fè sa ki byen, tankou moun ki
esklav Bondye pou n' ka viv apa pou li. **20** Lè n' te esklav
peche a, nou pa t' gen okenn obligasyon pou n' te fè sa ki
byen. **21** Lè sa a, kisa n' te fè? Nou t'ap fè bagay ki fè
nou wont jòdi a. Bagay sa yo fè nou jwenn ak lanmò. **22**
Men, koulye a nou delivre anba peche a, nou se esklav
Bondye, se sak fè n'ap viv apa pou Bondye; epi bout pou
bout n'a resevwa lavi ki p'ap janm fini an. **(aiōnios g166)**
23 Peche peye nou kach: li ban nou lanmò; men kadò
Bondye ban nou gratis la, se lavi ansanm ak Jezikri, Seyè
nou an, yon lavi ki p'ap janm fini. **(aiōnios g166)**

7 Frè m' yo, mwen sèten nou konnen sa m' pral di nou la
a deja, paske nou konn lalwa a: Se toutotan yon moun
ap viv lalwa gen pouvwa sou li. **2** M'ap pran yon egzanp:
yon madan marye gen angajman avèk mari l' devan lalwa
toutotan mari a vivan. Men, si mari a mouri, madanm
lan lib devan lalwa annegad mari a. **3** Si pandan mari a
vivan toujou, madanm lan vin fanm yon lòt gason, y'ap
rele madanm lan adiltè. Men, si mari a mouri, li lib devan
lalwa. Lè sa a, si l' vin fanm yon lòt gason, li pa yon adiltè.
4 Se menm jan an tou pou nou menm, frè m' yo. Nou
mouri ansanm ak kò Kris la annegad lalwa. Konsa, nou lib

pase nan men yon lòt mèt. Koulye a, se nan men moun ki
te leve soti vivan nan lanmò a nou ye pou nou ka viv yon
jan ki itil pou Bondye. 5 Lè n' t'ap viv anba pouvwa lachè,
tout vye dezi lalwa te fè leve nan kè nou yo t'ap travay
nan tout kò nou, yo te fè nou fè bagay ki t'ap mennen nou
nan lanmò. 6 Koulye a, nou pa gen angajman ak lalwa
ankò. Nou mouri annegad lalwa ki te kenbe nou prizonye
a. Se sak fè nou ka sèvi Bondye yon lòt jan, anba otorite
Sentespri a. Nou p'ap sèvi l' ankò jan n' te konn sèvi l' nan
tan lontan an, anba otorite lalwa ki ekri nan Liv la. 7 Nan
kondisyon sa a, kisa n'a di? Eske lalwa se peche? Non,
wete sa nan tèt ou. Men, se lalwa a ki fè m' konnen sa
peche ye. Se konsa mwen pa ta janm konnen kisa ki rele
gen lanvi, si lalwa pa t' di m': Piga ou janm pote lanvi sou
sak pa pou nou. 8 Peche a pwofite okazyon kòmandman
an pou l' fè m' gen tout kalite lanvi nan kè mwen. San
lalwa a, peche mouri. 9 Pou mwen menm, nan tan lontan,
lè m' te san lalwa, mwen te vivan. Men, lè kòmandman an
vin rive, peche a vin vivan ankò. 10 Epi mwen menm,
mwen mouri. Se konsa kòmandman ki te pou ban m'
lavi a, se li menm ki ban m' lanmò. 11 Peche a pwofite
okazyon an, li twonpe m' ak kòmandman an. Se konsa, li
fè mwen mouri ak tout kòmandman an. 12 Men, lalwa a
se yon bagay ki soti nan Bondye. Kòmandman an tou, se
Bondye ki bay li, se konsa li dwat epi li bon. 13 Eske nou
ka di sa ki bon an tounen yon kòz lanmò pou nou? Non,
monchè! Men, se peche ki lakòz sa. Peche fè nou wè sa li
menm li ye vre: li sèvi ak sa ki bon an pou l' fè mwen
mouri. Se konsa, avèk kòmandman an, peche a kanpe pi
rèd toujou. 14 Nou konnen lalwa li menm, se yon bagay ki
soti nan Lespri Bondye. Men, mwen menm, mwen se yon
kò ki tou fèb, peche fin anpare m', li fè m' tounen esklav li.
15 Lè m' fè yon bagay, mwen pa konprann sa m' fè a.
Paske, sa m' ta vle fè a, se pa sa m' fè. Epi sa m' pa vle
fè a, se li mwen fè. 16 Si sa m' pa t' vle fè a se li mwen fè,
sa vle di mwen dakò lalwa a bon. 17 Nan kondisyon sa a,
se pa mwen ki fè sa ki fèt la, men se peche ki nan mwen
an ki fè li. 18 Sa se bagay mwen konnen: Nanpwen anyen
ki bon nan mwen, nan tout kò mwen. Mwen di sa, paske
menm lè mwen vle fè sa ki byen, mwen pa santi m' kapab
fè li. 19 Mwen pa fè byen mwen vle fè a, men mwen fè
mal mwen pa vle fè a. 20 Epi, si m' fè mal mwen pa vle fè
a, se pa mwen ki fè l', men se peche ki nan mwen an ki fè
li. 21 Pou mwen menm, mwen jwenn lwa sa a nan mwen:
lè m' vle fè sa ki byen, se sa ki mal ase mwen santi m' ka
fè. 22 Nan fon kè m', mwen jwenn tout plezi m' nan lalwa
Bondye a. 23 Men, nan tout kò m', mwen santi yon lòt lwa
k'ap goumen ak lalwa mwen renmen an. Lwa sa a kenbe
m' prizonye anba otorite peche a ki nan tout kò mwen. 24
Ala malere mwen malere, mezanmi! Kilès ki va delivre m'
anba kò sa a k'ap trennen m' nan lanmò? 25 Gremesi
Jezikri, Seyè nou an, mwen ka di: Mèsi Bondye! Konsa,
men ki jan mwen ye: dapre konesans pa mwen, mwen se
esklav lalwa Bondye a. Men, dapre sa m' santi nan tout
kò mwen, mwen se esklav lalwa peche a.

8 Koulye a, nanpwen okenn kondannasyon pou moun ki
fè yon sèl kò ak Jezikri. 2 Lalwa Sentespri a ap fè nou
viv ansanm ak Jezikri, li delivre nou anba lalwa peche a
ansanm ak anba lanmò. 3 Bagay lalwa Moyiz la pa t'
kapab fè, paske kò lèzòm te rann li san fòs, se Bondye
menm ki fè l': Bondye kondannen peche ki nan kò lèzòm
lan, lè l' voye pwòp Pitit pa l' nan yon kò ki menm kò ak kò
peche a, pou l' te ka fini nèt ak peche a. 4 Bondye te fè
sa pou nou pa t' viv dapre sa moun jwenn nan kò yo, men
dapre Lespri Bondye a, pou n' te ka satisfè tout egzijans
lalwa a. 5 Moun k'ap viv dapre sa lèzòm jwenn nan kò yo,
se yon sèl bagay ki nan tèt yo: se egzijans kò a. Men,
moun k'ap viv dapre Lespri Bondye a, se yon sèl bagay ki
man tèt yo: se egzijans Lespri a. 6 Lè ou kite egzijans
kò a pran tèt ou, se mouri w'ap mouri. Men, lè ou kite
egzijans Lespri a pran tèt ou, se viv w'ap viv ak kè poze.
7 Poukisa? Paske, lè egzijans kò a fin pran tèt yon moun,
li pa vle wè Bondye ankò, li p'ap soumèt devan lalwa
Bondye a, li p'ap ka soumèt menm. 8 Moun ki soumèt
devan egzijans kò yo pa kapab fè Bondye plezi. 9 Pou
nou menm, nou p'ap viv dapre egzijans kò nou ankò, men
dapre egzijans Lespri Bondye a, paske Lespri Bondye a
nan nou. Si yon moun pa gen Lespri Kris la nan li, li pa
pou Kris la. 10 Men, si Kris la ap viv nan ou, kò ou te mèt
mouri akòz peche a, Lespri Bondye a ap ba ou lavi, paske
ou jwenn gras devan Bondye. 11 Si Lespri Bondye ki te fè
Jezikri leve soti vivan nan lanmò a rete nan nou, li menm
ki te fè Jezikri leve soti vivan nan lanmò a, li va bay kò
nou yo ki la pou mouri a lavi tou, pa pouvwa Lespri li a ki
rete nan nou. 12 Se konsa, frè m' yo, nou gen yon dèt.
Men, se pa kò a nou dwe. Se poutèt sa, nou pa dwe viv
dapre egzijans kò a. 13 Si n'ap viv dapre egzijans kò a,
n'a mouri. Men, si okontrè, pa pouvwa Lespri Bondye n'ap
swiv la, nou fè egzijans kò a mouri, n'a viv. 14 Paske, tout
moun Lespri Bondye a ap dirije, se pitit Bondye yo ye. 15
Lespri Bondye ban nou an, se pa yon lespri k'ap fè nou
esklav pou n'ap tranble devan Bondye toujou. Okontrè,
Lespri Bondye a fè nou tounen pitit Bondye. Se li menm
ki penmèt nou rele Bondye Papa. 16 Lespri Bondye a
bay lespri pa nou an lasirans se pitit Bondye nou ye. 17
Si se pitit Bondye nou ye, nou gen pòsyon pa nou nan
eritaj Bondye te pwomèt moun pa l' yo, n'a resevwa pa
nou ansanm ak Kris la nan tou sa Bondye te sere pou li.
Paske, si nou soufri ansanm ak li, n'a resevwa lwanj nan
men Bondye ansanm ak li tou. 18 Pou mwen, nou pa ka
konpare sa n'ap soufri koulye a ak bèl bagay Bondye pral
fè nou wè yo. 19 Tout kreyasyon Bondye a ap tann konsa
kilè pitit Bondye yo va parèt. 20 Paske, tout kreyasyon
an te tonbe pa fòs anba pouvwa bagay ki pa vo anyen
an. Se pa paske li te vle l', men se akòz moun ki te vle l'
konsa a. Men, li te toujou gen espwa, 21 yon lè la delivre
anba esklavaj pouvwa k'ap gate l' la, pou l' ka jwi bèl
libète pitit Bondye yo. 22 Wi, nou konn sa: jouk jòdi a, tout
kreyasyon an ap plenn, l'ap soufri tankou yon fanm ki gen
doulè tranche. 23 Epi se pa li menm sèlman. Nou menm

tou ki resevwa Sentespri Bondye a tankou premye kado
Bondye fè nou, n'ap pouse gwo soupi nan kè nou pandan
n'ap tann Bondye fin fè nou tounen pitit li nèt, fin delivre
kò nou yo. 24 Paske, Bondye delivre nou, men nou menm
n'ap tann toujou. Si nou wè sa n'ap tann lan, nou pa nan
tann ankò. Ki moun k'ap rete tann sa li wè deja? 25 Men,
si n'ap tann sa nou pa wè, n'ap tann li avèk pasyans. 26
Se konsa tou, Lespri Bondye a vin ede nou, atout nou
fèb la, paske nou pa konnen kisa pou n' mande lè n'ap
lapriyè, ni ki jan pou nou lapriyè. Men, se Lespri Bondye
a menm k'ap lapriyè Bondye pou nou. L'ap pouse gwo
soupi moun pa ka esplike. 27 Bondye menm ki konnen sa
ki nan kè tout moun, li konnen kisa Lespri li a vle mande,
paske sa Bondye vle a se sa Lespri li a ap mande pou
tout moun k'ap viv pou Bondye. 28 Tansèlman, nou konn
sa byen: nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen tout
moun ki renmen l', pou byen tout moun li te fè lide rele.
29 Paske, moun Bondye te konnen depi davans pou moun
pa l' yo, depi davans tou li te mete yo apa pou yo te kab
sanble ak Pitit li a. Konsa, Pitit sa a pase pou premye pitit
nan yon bann frè. 30 Se konsa, Bondye rele tout moun
li te mete apa depi davans yo, li fè yo gras epi moun li
fè gras yo, li ba yo lwanj tou. 31 Kisa n'a di ankò sou
pwen sa a? Si Bondye pou nou, kilès ki ka kont nou?
32 Li pa t' menm refize nou pwòp Pitit li a, men li bay li
pou nou tout. Ki jan pou l' pa ta ban nou tout bagay avèk
Pitit la tou pou gremesi? 33 Ki moun ki va akize moun
Bondye chwazi yo? Pesonn. Paske se Bondye menm ki
fè yo gras! 34 Ki moun ki kab kondannen yo? Pesonn.
Paske Jezikri te mouri. Sak pi rèd ankò, li leve soti vivan
nan lanmò, epi li chita sou bò dwat Bondye, kote l'ap
plede pou nou. 35 Kisa, atò, ki va fè nou pèdi renmen Kris
la gen pou nou an? Soufrans ka fè nou sa? Osinon, kè
sere? Osinon, pèsekisyon? Osinon, grangou, mizè, gwo
danje, lanmò? Dapre sa ki ekri nan Liv la: 36 Se poutèt
ou, tout moun yo soti pou touye nou. Yo gade nou tankou
mouton y'ap mennen labatwa. 37 Men, sou tout bagay sa
yo, nou genyen batay la nèt ale, gremesi moun ki renmen
nou an. 38 Paske, mwen gen lasirans anyen pa ka fè
nou pèdi renmen Kris la gen pou nou: ni lanmò, ni lavi, ni
zanj Bondye yo, ni lòt otorite ak pouvwa ki nan syèl la, ni
bagay ki la jòdi a, ni sa ki gen pou vini pita, 39 ni pouvwa
ki anwo nan syèl la, ni pouvwa ki anba tè a. Non. Pa gen
anyen nan tout kreyasyon Bondye a ki ka janm fè nou
pèdi renmen Bondye fè nou wè nan Jezikri, Seyè nou an.

9 Se vre wi, sa m'ap di nou la a. Mwen se moun Kris
la, mwen p'ap bay manti. Epi, konsyans mwen ki anba
pouvwa Sentespri a ta repwoche m' anpil si m' t'ap bay
manti. 2 Kè m' sere anpil, se pa yon ti lapenn mwen santi
k'ap manje m' tout tan. 3 Mwen ta pito wè m' tonbe anba
madichon Bondye, mwen ta pito pèdi renmen Kris la gen
pou mwen an si sa te ka sèvi pou byen frè m' yo, moun
menm ras avè mwen yo. 4 Yo se pitit pitit Izrayèl; Bondye
te chwazi yo pou pwòp pitit li. Se nan mitan yo Bondye te
fè tout bèl mèvèy li yo. Se ak yo li te pase kontra li yo. Li
te ba yo lalwa. Li te moutre yo jan pou yo sèvi l'; se yo ki
te resevwa pwomès li yo. 5 Yo se pitit pitit zansèt nou yo.
Se nan ras yo Kris la soti lè l' te fèt tankou yon nonm.
Lwanj pou tout tan pou li menm ki Bondye sou tout bagay.
Amèn. (aiōn g165) 6 Lè m' di sa, sa pa vle di Bondye p'ap
kenbe pwomès li ankò. Se pa tout pitit pitit Izrayèl yo ki
fè pati pèp Bondye a. 7 Se pa tout pitit pitit Abraram yo
ki bon pitit pou li, paske Bondye te di Abraram, dapre
sa ki ekri nan Liv la: Se Izarak ki va fè pitit pitit mwen te
pwomèt ou yo. 8 Sa vle di: tout pitit ki fèt dapre egzijans
natirèl kò a pa pitit Bondye. Se sèlman pitit ki fèt dapre
pwomès Bondye a ki bon pitit pitit li. 9 Men ki jan Bondye
te fè pwomès la: Lè konsa, lanne k'ap vini an, m'a tounen.
Lè sa a Sara va gen tan gen yon pitit gason. 10 Gen
lòt pawòl toujou pou di sou pwen sa a: Rebeka te fè de
pitit gason pou yon sèl papa, Izarak granpapa nou. 11 -
(we vèsè pwochen) 12 Men, Bondye gen jan pa l' pou l'
chwazi moun. Bondye pa chwazi yon moun paske moun
lan fè anyen pou sa, men paske Bondye vle chwazi li.
Enben, pou fè nou wè se konsa li toujou fè, Bondye pale
ak Rebeka anvan menm timoun yo te fèt, anvan menm yo
te fè anyen ni an byen ni an mal. Li di l' konsa: Pi gran
an gen pou sèvi pi piti a. 13 Dapre sa ki te ekri: Mwen
renmen Jakòb, mwen rayi Ezaou. 14 Bon, kisa sa vle di?
Bondye gen lè ap fè lenjistis? Men non. 15 Chonje sa
Bondye te di Moyiz: M'a gen pitye pou moun mwen vle
gen pitye, M'a louvri kè m' pou moun mwen vle. 16 Se
sak fè, bagay konsa pa gade lèzòm, ou mèt tande yo vle,
ou mèt tande yo fè. Se bagay ki gade Bondye sèlman, li
menm ki gen kè sansib. 17 Paske nan Liv la, men sa
Bondye di farawon an: Se mwen ki fè ou wa tout espre,
pou lè moun wè ou, yo ka wè pouvwa mwen, pou moun ka
mache fè konnen non mwen toupatou sou latè. 18 Konsa,
Bondye gen pitye pou moun li vle, li fè moun li vle kenbe
tèt ak li. 19 Koulye a, n'a mande m': Si se konsa, kisa
Bondye gen pou repwoche moun? Ki moun ki janm kenbe
tèt ak Bondye? 20 Monchè, pito ou mande: kisa m' ye
pou m' ap diskite ak Bondye konsa? Pran yon krich: èske
krich la ka pale ak moun ki fè l' la pou l' mande l': Poukisa
se konsa ou fè m'? 21 Moun k'ap bat tè pou fè krich la
gen dwa fè sa l' vle ak tè a. Avèk menm pa t' labou a, li ka
fè de kalite krich: yon bèl krich byen chè ak yon krich bon
mache. 22 Nou pa gen anyen pou n' di Bondye ankò. Li
vle fè nou wè kòlè li, an menm tan li vle fè nou konnen
pouvwa li. Se poutèt sa, avèk anpil pasyans li sipòte tout
moun ki te merite kòlè li epi ki te tou bon pou mouri. 23 Li
te vle fè nou wè tou kantite bèl bagay li sere pou moun lè
li gen pitye pou yo, pou nou menm li te pare davans pou
resevwa bèl bagay li yo. 24 Lè m' di nou menm lan, m'ap
pale sou tout moun li rele, non sèlman nan jwif yo, men
nan moun lòt nasyon yo tou. 25 Se sa menm li di nan liv
pwofèt Oze a: Moun ki pa t' pèp mwen an, se yo menm
m'a rele pèp mwen. Nasyon mwen pa t' renmen an, se li
menm m'a rele cheri mwen. 26 Tout kote yo t'ap di se pa
pèp mwen yo ye. se la y'a rele yo pitit Bondye ki vivan an.

27 Kanta pou moun pèp Izrayèl yo, Ezayi, bò pa l' menm,
di konsa: Menm si moun pèp Izrayèl yo ta anpil tankou
grenn sab bò lanmè, se yon ti ponyen sèlman nan yo k'ap
sove. 28 Paske, Mèt la gen pou l' fè tou sa l' te di a nèt,
epi byen vit ankò, sou tout latè. 29 Tankou menm pwofèt
Ezayi sa a te di anvan: Si Mèt ki gen tout pouvwa a pa t'
kite kèk pitit pitit pou nou, nou ta pase tankou Sodòm, nou
ta menm jan ak Gomò. 30 Kisa n'a di nan tou sa? Men sa
n'a di: Moun ki pa t' jwif yo, ki pa t'ap chache mwayen pou
Bondye fè yo gras la, se yo menm Bondye fè gras paske
yo mete konfyans yo nan li. 31 Men, moun pèp Izrayèl yo
ki t'ap chache yon lalwa ki pou ta fè Bondye fè yo gras, yo
pa jwenn sa yo t'ap chache a. 32 Poukisa? Paske yo pa t'
mete konfyans yo nan Bondye; yo t'ap chache mwayen
pou Bondye fè yo gras ak zèv yo t'ap fè yo. Se konsa y' al
frape pye yo sou wòch k'ap fè moun bite a, 33 jan sa te
ekri a: Men li, mwen mete yon wòch nan mitan peyi Siyon,
yon wòch k'ap fè moun bite wi, yon gwo wòch k'ap fè
moun tonbe. Men, moun ki mete konfyans yo nan li p'ap
janm soti wont.

10 Frè m' yo, jan m' ta renmen wè jwif yo sove! Jan
mwen pa manke lapriyè Bondye pou yo! 2 Paske,
m'ap kanpe di sa pou yo: yo devwe anpil pou sèvis
Bondye a, men yo manke konprann. 3 Yo pa t' konprann
ki jan Bondye t'ap fè lèzòm gras. Yo te pito chache fè sa
nan jan pa yo. Se konsa yo pa t' asepte jan Bondye te
vle fè l' la. 4 Paske, avèk Kris la, lalwa a jwenn bout li.
Konsa, Bondye fè tout moun ki kwè nan Kris la gras. 5
Koute: men sa Moyiz te ekri pou esplike ki jan Bondye fè
yon moun gras lè l' fè sa lalwa a mande: Moun ki va fè sa
lalwa a mande li fè a, va jwenn lavi l' ladan li. 6 Men,
men sa yo di pou esplike ki jan Bondye fè yon moun gras
lè l' kwè: Piga ou di nan kè ou: Kilès ki va moute nan
syèl la? (Sa vle di: pou fè Kris la desann soti ladan li.) 7
Ou ankò: Kilès ki va desann anba nan gwo twou san fon
an? (Sa vle di: pou fè Kris la leve soti vivan pami mò yo.)
(Abyssos g12) 8 Kisa yo di ankò? Men sa yo di: Pawòl la
toupre ou, li nan bouch ou, li nan kè ou. Epi pawòl la se
mesaj konfyans nan Bondye, mesaj n'ap anonse a. 9 Si
ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a,
si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l' leve soti
vivan pami mò yo, wa sove. 10 Paske, lè yon moun gen
konfyans tout bon nan kè l', se lè sa a Bondye fè l' gras.
Lè yon moun deklare ak bouch li devan tout moun li gen
konfyans nan Bondye, se lè sa a Bondye delivre li, 11
dapre sa ki ekri nan Liv la: Nenpòt moun ki mete konfyans
yo nan li p'ap janm soti wont. 12 Konsa, nanpwen diferans
ant moun ki jwif ak moun ki pa jwif: yo tout gen yon sèl
Mèt ki bay tout moun ki rele l' favè l' an kantite. 13 Se sa
ki ekri nan Liv la: Nenpòt moun ki rele non Met la gen pou
jwenn delivrans. 14 Ki jan y'a fè rele l', si yo poko gen
konfyans nan li? Ki jan pou yo gen konfyans nan li, si yo
pa tande pale sou li? Ki jan pou yo tande pale sou li, 15
si pa gen pesonn pou fè konnen mesaj la? Ki jan pou
yo fè fè konnen mesaj la, si pa gen moun yo voye pou
sa? Dapre sa ki te ekri a: Ala bèl bagay lè ou wè moun
k'ap pote yon bon nouvèl ap vini! 16 Men, se pa tout ki
asepte bon nouvèl la. Se poutèt sa Ezayi te di: Mèt, kilès
ki te kwè mesaj nou te bay la? 17 Konsa, se lè ou tande
mesaj la ou vin gen konfyans. Mesaj la, se pawòl Kris la
y'ap anonse. 18 Men, m'ap mande: Eske Izrayèl pa t'
tande mesaj la? Men wi. Yo tande l' byen pwòp. Paske,
jan sa te ekri nan Liv la: Pawòl nan bouch yo gaye sou
tout latè. Mesaj yo bay la rive nan dènye bout latè. 19
Men, m'ap mande ankò: Eske Izrayèl pa t' konprann sa?
Pou kòmanse, men repons Moyiz bay: M'ap fè nou fè
jalouzi pou moun ki pa menm yon nasyon tout bon. M'ap
fè nou fè kòlè poutèt yon pèp ki san konprann. 20 Ezayi
menm pouse radiyès li pi lwen toujou lè l' di: Moun ki pa
t'ap chache m' yo, se yo menm ki jwenn mwen. Moun ki
pa t'ap mande pou mwen yo, se yo menm mwen fè wè
mwen. 21 Men, men sa li di sou Izrayèl: Tout lajounen
m'ap lonje men m' bay yon pèp ki rebèl, k'ap fè wòklò.

11 Koulye a, m'ap mande: Eske Bondye te voye pèp li
a jete? Men non. Paske mwen menm, mwen se yon
moun pèp Izrayèl, yon pitit pitit Abraram. Mwen soti nan
branch fanmi Benjamen. 2 Non, Bondye pa voye pèp li
te chwazi davans lan jete. Eske ou pa chonje sa ki ekri
nan Liv la, kote y'ap rakonte ki jan Eli t'ap pote plent bay
Bondye pou pèp Izrayèl la: 3 Bondye, yo touye pwofèt
yo, yo kraze lotèl ou yo; se mwen menm sèl ki rete. Men
y'ap chache wete lavi m' tou? 4 Men repons Bondye te
ba li: Mwen gen sètmilòm (7.000) pou mwen ki pa janm
mete jenou yo atè devan Baal. 5 Konsa tou, koulye a,
gen yon ti rès Bondye te chwazi nan pèp la, se yon favè li
te fè yo. 6 Se pa paske yo te fè sa ki byen kifè Bondye te
fè yo fave sa a; men se paske Bondye te vle fè l' pou
yo. Si se pa t' konsa, favè Bondye a pa ta yon favè tout
bon ankò. 7 Bon. Kisa n'a di koulye a? Sa pèp Izrayèl
la t'ap chache a, li pa t' jwenn li. Men, moun Bondye te
chwazi yo, se yo ase ki jwenn li. Kanta pou lòt yo, yo vin
gen tèt di, 8 dapre jan sa te ekri nan Liv la: Bondye te
rann lespri yo lou, yo gen je, men yo pa ka wè; yo gen
zòrèy, men yo pa ka tande jouk jòdi a. 9 David, bò pa l',
di tou: Se pou resepsyon y'ap fè yo tounen yon senn,
yon pèlen pou yo, pou yo menm yo pran ladan l', pou yo
resevwa chatiman yo. 10 Se pou je yo bouche pou yo pa
wè menm. Fè yo mache do ba tout tan. 11 Koulye a, m'ap
mande: Lè jwif yo bite, èske yo te tonbe nèt. Men non.
Men, lè yo tonbe a, sa penmèt moun lòt nasyon yo rive
delivre. Se konsa yo tounen yon jalouzi pou jwif yo. 12
Fòt jwif yo fè a tounen yon richès pou tout moun. Tonbe
yo tonbe a, sa vin yon gwo benediksyon pou moun lòt
nasyon yo. Nou pa bezwen mande ki gwo benediksyon sa
va ye lè tout jwif yo va delivre! 13 Koulye a, nou menm
moun lòt nasyon yo, mwen gen sa pou m' di nou: Se apòt
nou mwen ye, se vre. Mwen kontan anpil travay m'ap fè
a. 14 Men, mwen kwè konsa m'a rive eksite jalouzi moun
ras mwen yo, pou m' ka delivre kèk nan yo. 15 Wi. Si lè
Bondye te mete jwif yo sou kote, sa te penmèt tout moun

sou latè rive vin byen ak Bondye ankò, nou pa bezwen
mande kisak va rive lè jwif yo va tounen vin jwenn favè
Bondye? Se va lavi pou tout moun ki te mouri yo! 16 Lè
yo ofri premye moso pen an bay Bondye, tout rès pen an
vin pou li tou. Si yo ofri rasin yon pyebwa bay Bondye,
tout branch li yo vin pou li tou. 17 Pèp Izrayèl la tankou
yon pye oliv kay. Yo koupe kèk branch soti ladan li. Ou
menm ki pa jwif la, ou tankou yon branch pye oliv mawon
yo grefe nan plas branch yo koupe yo. Kifè koulye a, se
ou menm k'ap pwofite lèt rasin k'ap nouri pye oliv kay la.
18 Se poutèt sa, pa gonfle kò ou sou branch ki koupe yo.
Ki jan ou kapab ap fè grandizè? Pa bliye, se yon senp
branch ou ye. Se pa ou k'ap pote rasin lan. Men, se rasin
lan k'ap pote ou pito. 19 Lè sa a wa di m': Wi. Men, yo te
koupe branch yo pou yo te kapab grefe m' nan plas yo?
20 Wi. Se vre sa. Men, yo te koupe yo paske yo pa t' gen
konfyans nan Bondye; ou menm ou kenbe paske ou gen
konfyans nan Bondye. Pa kite lògèy pran tèt ou. Okontrè,
se pou ou gen krentif anpil nan kè ou. 21 Paske, si jwif yo
ki branch pyebwa a menm Bondye pa te al dousman ak
yo, se pa avè ou la pral dousman. 22 Sa fè nou wè ki jan
Bondye gen bon kè, ki jan li sevè tou. Li sevè pou moun
ki tonbe yo, men li bon pou ou menm. Men, se pou ou
rete fèm nan renmen Bondye. Si se pa sa, ou menm tou
y'a koupe ou tankou lòt branch yo. 23 Konsa tou, si jwif
yo pa pèsiste nan movèz fwa yo, si yo rive gen konfyans,
y'ap grefe yo tou kote yo te ye anvan an paske Bondye
gen pouvwa grefe yo ankò. 24 Ou menm ki pa jwif, ou se
yon branch pye oliv mawon yo koupe. Atout ou mawon
an, yo grefe ou sou pye oliv kay la. Men jwif yo menm, se
branch pye oliv kay la menm yo ye. L'ap pi fasil toujou
pou grefe yo ankò sou pyebwa pa yo a. 25 Frè m' yo,
mwen vle fè nou konnen sekrè sa a ki vre tout bon, konsa
nou p'ap mete nan tèt nou nou gen pi bon konprann pase
sa. Men sekrè a: Yon pati nan pèp Izrayèl la rive gen
tèt di. Men, se pa pou tout tan. Se va pou jouk tan tout
moun lòt nasyon yo va fin delivre. 26 Se konsa tout pèp
Izrayèl la va delivre, dapre sa ki ekri nan Liv la: Moun k'ap
wete lèzòm anba esklavaj la, se nan Siyon l'ap soti. L'ap
wete tout mechanste pitit pitit Jakòb yo, voye jete byen
lwen. 27 Men kontra m' pral pase avèk yo lè m'a wete
tout peche yo. 28 Jwif yo tounen lènmi Bondye paske
yo derefize asepte Bon Nouvèl la. Men, se te pou byen
nou, nou menm moun lòt nasyon yo. Men, Bondye toujou
renmen yo poutèt zansèt yo, paske se Bondye menm ki te
chwazi yo. 29 Sa Bondye fè kado, li bay li nèt; li p'ap
chanje lide lè l' fin rele yon moun. 30 Nan tan lontan, nou
menm moun lòt nasyon yo, nou t'ap dezobeyi Bondye.
Men, koulye a nou vin konnen ki jan Bondye gen pitye
pou nou paske jwif yo dezobeyi li. 31 Konsa tou, koulye a
jwif yo ap dezobeyi Bondye, paske nou vin konnen ki jan
Bondye gen pitye pou nou. Y'ap dezobeyi pou yo menm
tou yo ka vin konnen ki jan Bondye gen pitye pou yo. 32
Bondye mete tout moun anba menm chenn dezobeyisans
lan pou l' ka gen pitye pou tout moun ansanm. (eleēsē
g1653) 33 O, gade jan Bondye rich non! Bon konprann li,
konesans li, nou pa ka sonde yo! Sa depase nou anpil. Ki
moun ki ka esplike jijman Bondye? Ki moun ki konprann
lide li gen nan tèt li? Jan sa ekri nan Liv la: 34 Ki moun ki
konnen sa k'ap pase nan tèt Mèt la? Ki moun ki ka ba li
konsèy? 35 Ki moun ki te janm ba li kichòy nan lide pou
Bondye renmèt li sa? 36 Se li menm, Bondye, ki fè tout
bagay. Se gremesi li tout bagay la. Se pou li tout bagay
ye. Lwanj pou Bondye tout tan tout tan! Amèn. (aiōn g165)

12 Se sak fè, frè m' yo, jan Bondye fè nou wè li gen kè
sansib pou nou an, se pou nou ofri tout kò nou ba li
tankou ofrann bèt yo mete apa pou Bondye, bèt yo ofri tou
vivan epi k'ap fè Bondye plezi. Se sèl jan nou dwe sèvi
Bondye tout bon. 2 Pa fè menm bagay ak sa moun ap fè
sou latè. Men, kite Bondye chanje lavi nou nèt lè la fin
chanje tout lide ki nan tèt nou. Lè sa a, n'a ka konprann
sa Bondye vle, n'a konnen sa ki byen, sa ki fè l' plezi, sa
ki bon nèt ale. (aiōn g165) 3 Poutèt favè Bondye fè m'
lan, men sa m'ap mande nou tout: Piga nou mete nan tèt
nou nou plis pase sa nou ye. Okontrè, pa mete gwo lide
nan tèt nou. Se pou chak moun considere tèt li dapre sa
Bondye ba li ki pa l' nan lafwa. 4 Gade byen: nou gen
anpil manm nan yon sèl kò, men chak manm gen sèvis pa
l' apa. 5 Se konsa tou, nou anpil, men nou fè yon sèl kò
ansanm ak Kris la. Nou tout nou fè yon sèl kò tou yonn ak
lòt, tankou plizyè manm nan yon sèl kò. 6 Bondye pa bay
tout moun menm don. Men, nou fèt pou nou sèvi ak kado
a dapre favè Bondye fè nou an. Si yon moun resevwa
don pou l' anonse mesaj ki sòti nan Bondye, se pou l' fè
sa dapre lafwa li genyen an. 7 Si yon lòt resevwa don pou
l' fè yon travay, se pou l' fè travay la. Moun ki resevwa
don pou l' moutre lòt anpil bagay, se sa pou l' fè. 8 Moun
ki resevwa don pou l' bay ankourajman, se pou li bay
ankourajman. Moun k'ap bay nan sa li genyen an, se pou
l' fè sa san gad dèyè. Moun k'ap dirije a, se pou l' fè sa
byen. Moun k'ap moutre jan li gen kè sansib la, se pou li
fè sa ak kè kontan. 9 Se pou nou yonn renmen lòt ak tout
kè nou. Rayi sa ki mal, men kenbe fèm nan fè sa ki byen.
10 Se pou nou yonn renmen lòt tankou frè ak frè k'ap viv
ansanm ak Kris la. Nan tou sa n'ap fè, se pou nou gen
respè yonn pou lòt, pa konsidere tèt nou anvan. 11 Travay
di, pa fè parese. Mete aktivite nan sèvis n'ap rann Mèt
la. 12 Pandan n'ap tann lan, fè kè n' kontan. Se pou nou
gen anpil pasyans nan mitan soufrans nou yo. Pa janm
sispann lapriyè. 13 Bay moun k'ap viv pou Bondye yo
konkou lè nou wè yo nan bezwen. Resevwa moun ki vin
lakay nou byen. 14 Mande Bondye pou l' beni moun k'ap
pèsekite nou; mande benediksyon, pa mande madichon
pou yo. 15 Fè kè n' kontan ak moun ki kontan, kriye ak
moun k'ap kriye. 16 Viv byen yonn ak lòt. Pa kite lògèy
moute tèt nou. Viv tankou moun ki san pretansyon. Pa
kwè nou gen pi bon konprann pase sa. 17 Si yon moun fè
nou mal, pa chache fè l' mal tou. Chache fè sa ki byen
nan je tout moun. 18 Fè tou sa nou kapab pou nou viv
byen ak tout moun mezi nou wè nou ka fè li. 19 Mezanmi,

pa tire revanj. Men, kite kòlè Bondye fè travay li; paske
men sa ki ekri nan Liv la: Se mwen menm sèl ki gen dwa
tire rèvanj, se mwen menm sèl ki va bay moun sa yo
merite. Se Bondye menm ki di sa. 20 Okontrè, dapre sa ki
ekri ankò: Si lènmi ou grangou, ba l' manje. Si li swaf dlo,
ba l' bwè. Lè ou fè sa, se yon chalè dife ou mete nan kò l'
pou fè l' chanje. 21 Pa kite sa ki mal gen pye sou ou.
Okontrè, fè sa ki byen pou n' kraze sa ki mal.

13 Tout moun dwe soumèt devan otorite k'ap gouvènen
peyi a, paske nanpwen otorite ki pa soti nan men
Bondye, epi tout otorite ki la, se Bondye ki mete yo. 2 Se
poutèt sa, moun k'ap kenbe tèt ak otorite yo, yo refize
obeyi lòd Bondye tabli. Moun ki refize obeyi lòd la, y'ap
rale yon jijman sou tèt pa yo. 3 Tande byen: moun ki fè sa
ki byen pa bezwen pè chèf k'ap gouvènen yo. Se moun
ki fè sa ki mal ki pou pè yo. Eske ou ta vle pa pè chèf?
Enben, fè sa ki byen; se lwanj ase wa resevwa nan men
yo. 4 Paske chèf yo se nan sèvis Bondye yo ye pou byen
nou. Men, si w'ap fè sa ki mal, ou mèt tranble, paske se
pa pou gremesi yo gen pouvwa peni moun. Lè sa a, se
sèvis Bondye y'ap fè tou. Y'ap fè nou wè kòlè Bondye lè
y'ap peni moun ki fè sa ki mal. 5 Se poutèt sa, nou dwe
soumèt devan tout otorite yo, pa sèlman paske nou vle
chape anba kòlè Bondye, men tou pou konsyans nou pa
repwoche nou anyen. 6 Se poutèt sa tou, nou peye lajan
kontribisyon yo, paske anplwaye leta yo se nan sèvis
Bondye yo ye, se pou yo fè travay la byen. 7 Peye tout
moun sa ou dwe yo: peye enpo nan biwo kote pou ou
peye enpo; peye taks nan biwo kote pou ou peye taks.
Gen krentif pou moun ou dwe gen krentif. Gen respè pou
moun ou dwe respekte. 8 Pa fè dèt lakay pesonn. Sèl dèt
nou dwe genyen, se pou nou yonn renmen lòt. Moun ki
renmen frè parèy li, li fè tou sa lalwa mande. 9 Se konsa,
ou wè kòmandman sa yo: piga ou janm fè adiltè; piga ou
janm touye moun; piga ou janm vòlò; piga ou janm pote
lanvi sou sak pa pou ou; kòmandman sa yo ansanm ak
tout lòt yo, gen yon sèl pawòl ki ranmase yo tout: se pou
ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa
ou. 10 Moun ki gen renmen nan kè yo pa fè moun mal: se
sak fè lè nou renmen, nou fè tou sa lalwa a mande nou
fè. 11 Se sa menm pou nou fè, paske nou konnen ki jan
tan an ye deyò a. Li lè pou nou leve soti nan dòmi, lè a
sonnen, paske koulye a, lè pou n' fin delivre a pi pre nou
pase lè nou te fèk mete konfyans lan. 12 Nwit lan vanse
fini, jou prèt pou kase. Ann sispann fè bagay yo fè nan
fènwa. Ann pran zam nou pou nou ka goumen devan
tout moun. 13 Ann mennen bak nou jan nou dwe, tankou
moun k'ap viv gwo lajounen. Pa fè eksè nan manje ni nan
bwè. Pa lage tèt nou nan deboòch ni nan vis. Pa chache
moun kont, pa fè jalouzi. 14 Se pou nou pran Jezikri Seyè
a tankou yon zam mete sou nou. Pa kite ekzijans kò a
pran pye sou nou pou fè nou fè tou sa li anvi fè.

14 Se pou n' resevwa moun ki fèb nan konfyans
yo byen san nou pa bezwen diskite openyon yo
genyen. 2 Men yon egzanp: Gen moun ki kwè li kapab
manje tout bagay; gen lòt ki fèb nan konfyans yo epi ki
manje legim ase. 3 Moun ki manje tout manje pa fèt pou
meprize moun ki pa manje tout manje. Konsa tou, moun
ki pa manje tout manje pa fèt pou jije moun ki manje tout
manje, paske Bondye asepte ni yonn ni lòt jan yo ye a. 4
Ki moun ou ye konsa pou w'ap jije domestik lòt moun? Kit
domestik la kenbe fèm nan sèvis la, kit li tonbe, sa se zafè
ki gade mèt li ase. Men, pa pè, li gen pou l' kenbe fèm,
paske Seyè a gen pouvwa pou l' soutni li. 5 M'ap pran
yon lòt egzanp: Gen moun ki kwè gen jou ki pi konsekan
pase lòt. Gen lòt ki di tout jou se menm. Se pou chak
moun gen konviksyon pa yo. 6 Moun ki kwè yon jou pi
konsekan pase lòt, li fè sa pa respè pou Mèt la menm
jan ak moun ki manje tout manje a, li fè sa pa respè pou
Mèt la paske li di Bondye mèsi pou manje a. Moun ki
pa manje tout manje a, li fè sa tou pa respè pou Mèt la,
paske li menm tou, li di Bondye mèsi. 7 Se konsa, pa gen
yon sèl moun nan nou k'ap viv pou tèt pa li. Pa gen yonn
nan nou tou k'ap mouri pou tèt pa li. Paske si n'ap viv,
n'ap viv pou Seyè a, 8 si n'ap mouri, n'ap mouri pou Seyè
a tou. Konsa, kit nou vivan, kit nou mouri, se pou Seyè a
nou ye. 9 Paske, Kris la te mouri, apre sa li leve soti vivan
ankò pou l' te kapab Mèt tout moun, ni moun vivan yo ni
moun mouri yo. 10 Men ou menm, pouki pou w'ap jije
frè ou konsa? Ou menm, pouki pou w'ap meprize frè ou
konsa? Nou tout gen pou konparèt devan tribinal Bondye
a. 11 Paske men sa ki ekri nan Liv la: Mèt la di: Jan nou
konnen mwen vivan an vre, konsa tou, tout moun gen pou
mete ajenou devan mwen. Nan tout lang moun va pale
byen fò pou rekonèt pouvwa Bondye. 12 Se konsa, chak
moun gen pou rann Bondye kont pou tèt pa yo. 13 Ann
sispann yonn ap jije lòt. Pito nou pran desizyon pou n'
pa fè anyen ki kapab fè frè nou bite osinon tonbe nan
peche. 14 Paske, mwen menm k'ap viv ansanm avèk
Seyè Jezi a, mwen sèten pa gen anyen nan sa yo di ki pa
bon pou moun k'ap sèvi Bondye ki soti tou konsa nan
men Bondye. Si yon moun kwè yon bagay pa bon pou
moun k'ap sèvi Bondye, bagay la pa bon pou li paske li
mete sa nan tèt li. 15 Si ou fè frè ou lapenn pou tèt yon
manje ou manje, ou pa gen renmen nan kè ou pou frè
ou. Piga ou kite manje w'ap manje a lakòz yon frè pèdi
sou kont ou, paske li menm Kris la te mouri pou l' te ka
sove l' tou. 16 Sa ki byen pou ou pa dwe yon okazyon
pou fè yo pale ou mal. 17 Gouvènman Bondye ki wa a,
se pa yon afè manje ak bwè, men se yon keksyon fè sa
ki byen, viv ak kè poze ak kè kontan. Bagay sa yo, se
Sentespri ki bay yo. 18 Moun k'ap sèvi Kris la konsa, se
yo ki fè Bondye plezi. Tout moun ap dakò ak sa. 19 Se
sak fè, ann toujou chache bagay ki kapab ede nou viv ak
kè poze, bagay ki pou penmèt nou yonn soutni lòt nan
konfyans nou nan Bondye. 20 Piga kraze travay Bondye
a poutèt yon keksyon manje. Nou ka manje tout manje, se
vre. Men, sa pa bon pou nou manje kichòy ki ka lakòz yon
frè tonbe nan peche. 21 Sa ki byen an, se lè ou pa manje

vyann, ni bwè diven, ni fè okenn lòt bagay ki kapab fè frè
ou tonbe nan peche. 22 Sa ou kwè ou menm sou sa,
gade l' pou tèt ou devan Bondye. benediksyon pou yon
moun ki pa santi l' koupab lè l'ap fè sa li kwè li dwe fè. 23
Men, moun ki gen doutans sou sa l'ap manje a, Bondye
kondannen l' lè l' manje l', paske li aji san konviksyon.
Tout sa ou fè san konviksyon se peche.

15 Nou menm ki fò nan konfyans nou nan Bondye,
se pou nou ede sa ki fèb yo pote feblès yo. Nou pa
dwe ap chache sa ki fè nou plezi sèlman. 2 Okontrè, se
pou nou chak chache fè frè parèy nou plezi pou byen
l', konsa n'a fè l' grandi nan konfyans li nan Bondye. 3
Paske Kris la pa t' chache sa ki te fè l' plezi, men dapre sa
ki ekri a: Moun ki t'ap joure ou yo, se tankou si se mwen
menm yo t'ap joure. 4 Se konsa, tou sa ki te ekri nan Liv
la depi nan tan lontan, yo te ekri yo pou moutre nou anpil
bagay, wi, pou bagay nou jwenn ekri nan Liv la ka ban
nou pasyans ak ankourajman pou n' ka mete tout espwa
nou nan Bondye. 5 Se pou Bondye ki bay pasyans ak
ankourajman an fè nou viv byen yonn ak lòt, pou nou ka
swiv egzanp nou jwenn nan Jezikri. 6 Konsa, n'a mete kè
nou ak bouch nou ansanm pou fè lwanj Bondye, papa
Jezikri, Seyè nou an. 7 Se pou yonn asepte lòt jan l' ye a,
menm jan Kris la te asepte nou an pou sa te tounen yon
lwanj pou Bondye. 8 Men sa m' vle di: Kris la te fè tèt li
sèvitè jwif yo pou l' te ka fè pwomès Bondye te fè zansèt
nou yo rive vre, epi pou l' te moutre jan Bondye kenbe
pawòl li. 9 Men, li te vini pou moun lòt nasyon yo tou, pou
yo te ka fè lwanj Bondye pou jan li gen kè sansib, jan
sa te ekri nan Liv la: Se poutèt sa m'a fè lwanj ou nan
mitan lòt nasyon yo. Se poutèt sa m'a chante pou non ou.
10 Liv la di ankò: Nou menm moun lòt nasyon yo, fè kè
nou kontan ansanm avèk pèp Bondye chwazi a. 11 Li di
ankò: Fè lwanj Mèt la, nou menm moun lòt nasyon yo!
Wi, se pou tout pèp yo fè lwanj li! 12 Ezayi di tou: Li gen
pou l' vini, pitit pitit Izayi a. Li va parèt pou gouvènen lòt
nasyon yo. Nasyon yo va mete espwa yo nan li. 13 Mwen
mande Bondye ki bay espwa a pou l' fè kè nou kontan
nèt, pou l' fè kè nou poze ak konfyans nou gen nan li
a. Se konsa espwa nou va toujou ap grandi ak pouvwa
Sentespri a. 14 Frè m' yo, mwen gen fèm konviksyon
nou gen kont bon santiman nan kè nou, nou gen kont
konesans sou nou pou yonn ka bay lòt konsèy. 15 Men,
mwen te penmèt mwen ekri nou sou anpil pwen nan lèt
mwen an pou mwen te ka fè nou chonje sa nou te konnen
deja. Mwen te penmèt mwen fè sa poutèt favè Bondye te
fè m' lan, 16 pou m' te sèvi Jezikri pandan m'ap travay
nan mitan moun lòt nasyon yo. Lè m'ap fè konnen bon
nouvèl Bondye a, se yon sèvis apa pou Bondye m'ap
rann, pou moun lòt nasyon yo ka tounen yon ofrann ki fè
Bondye plezi, yon ofrann yo mete apa pou Bondye ak
pouvwa Sentespri a. 17 Se pou sa, mwen gen dwa kontan
nèt pou travay m'ap fè ansanm ak Jezikri pou Bondye. 18
-(we vèsè pwochen) 19 Wi, m'ap penmèt mwen fè nou
konnen sèlman sa Kris la te fè m' fè ak sa li te fè m' di,
avèk fòs mirak ak bèl bagay ak pouvwa Lespri Bondye a.
Tou sa, pou mennen moun lòt nasyon yo vin nan pye
Bondye pou obeyi li. Se konsa, depi lavil Jerizalèm jouk
nan peyi Iliri, mwen pa manke mache bay bon nouvèl ki
pale sou Kris la toupatou. 20 Men, lanbisyon m' se te
pou m' fè konnen bon nouvèl la sèlman kote moun pa t'
ankò janm tande nonmen non Kris la, pou m' pa t' bati
sou fondasyon lòt moun te poze, 21 jan sa te ekri nan Liv
la: Moun ki pa t' ankò konnen l' yo va wè. Moun ki pa t'
ankò tande nonmen non l' yo va konprann. 22 Se rezon
sa a ki te anpeche mwen anpil fwa al lakay nou. 23 Men,
koulye a, mwen pa gen anyen ki kenbe m' nan peyi sa yo
ankò. Depi lontan mwen fè lide ale wè nou. 24 Mwen
ta renmen fè sa lè mapral an Espay lan. Wi, mwen gen
espwa pase wè nou pou nou kapab ede m' ale nan peyi
sa a, apre m'a fin pase kèk bon moman nan mitan nou.
25 Men, koulye a, mwen pral Jerizalèm pou m' ka rann
moun k'ap viv apa pou Bondye yo yon sèvis. 26 Legliz ki
nan peyi Masedwan ak nan peyi Lakayi yo te pran sou yo
pou yo te fè yon ofrann pou ede pòv ki nan pèp Bondye a
lavil Jerizalèm. 27 Se yo menm menm ki te fè lide sa a.
Men, pou di vre, yo te dwe pòv yo sa. Paske, menm jan
jwif yo te separe benediksyon ki soti nan Lespri Bondye a
avèk moun ki pa t' jwif yo, konsa tou, moun ki pa jwif yo
gen pou devwa pou rann yo sèvis avèk byen latè yo. 28
Lè m'a fini avèk zafè sa a, le m'a renmèt tout lajan yo te
ranmase a nan men, lè sa a m'a pati pou Espay, m'a pase
wè nou sou wout. 29 Mwen konnen le m'a rive wè nou
an, se avèk tout benediksyon Kris la m'a rive. 30 Men sa
m' mande nou, frè m' yo: nan non Jezikri, Seyè nou an,
nan non renmen Lespri a ban nou, tanpri, pa lage m' nan
batay la pou kont mwen, lapriyè Bondye pou mwen. 31
Lapriyè pou m' ka delivre anba moun Jide yo ki pa vle
kwè. Lapriyè tou pou moun k'ap viv apa pou Bondye nan
lavil Jerizalèm, pou yo ka byen resevwa lajan m'ap pote
ba yo a. 32 Konsa, si Bondye vle, m'a rive lakay nou ak
kè kontan, epi m'a pran yon ti repo nan mitan nou. 33 Se
pou Bondye ki bay kè poze a avèk nou tout. Amèn.

16 Mwen rekòmande nou Febe, yon sè k'ap sèvi nan
legliz Sankre a. 2 Resevwa li nan non Seyè a, jan
moun k'ap viv apa pou Bondye yo dwe fè l' yonn pou lòt.
Ede l' nan tou sa li ka bezwen, paske li menm li deja
ede anpil moun lèfini li te ede m' anpil tou. 3 Di Priska
ak Akilas bonjou pou mwen. Yo t'ap travay avè m' nan
sèvis Jezikri a. 4 Yo te riske tèt yo pou sove lavi mwen.
Se pa mwen sèlman k'ap di yo mesi, se tout legliz ki
nan moun lòt nasyon yo k'ap di yo mèsi tou. 5 Di legliz
ki sanble lakay yo a bonjou tou. Di Epayenèt, bon bon
zanmi mwen an, bonjou. Se li menm premye moun ki te
mete konfyans li nan Kris la nan peyi Lazi. 6 Di Mari ki te
bay kò l' anpil traka pou nou an bonjou. 7 Di Andwonikis
ak Jenyas, fanmi m' yo ki te al nan prizon ansanm avè
m' yo, bonjou. Apòt yo konsidere yo anpil, yo te patizan
Kris la anvan mwen. 8 Di Anplyatis, bon zanmi m' nan

menm Seyè a, bonjou. **9** Di Iben, kanmarad travay mwen
nan sèvis Kris la, bonjou ansanm ak Estakis, bon zanmi
mwen an. **10** Di Apelès ki moutre jan li gen konfyans nan
Kris la bonjou. Di moun lakay Aristobil yo bonjou. **11** Di
Ewòdyon, fanmi m' lan, bonjou. Di moun lakay Nasis yo
ki kwè nan Seyè a bonjou. **12** Di Trifèn ak Trifòz, de sè
k'ap bay kò yo anpil traka pou Seyè a, bonjou. Di Pèsid,
bon zanmi m' ki te pran anpil fatig pou Seyè a, bonjou.
13 Di Rifis, nonm Bondye chwazi pou sèvis li a, bonjou
ansanm ak manman l' ki yon manman pou mwen tou. **14**
Di Asenkrit, Flegon, Emès, Patwobas, Emas ak tout frè yo
ki ansanm ak yo a bonjou. **15** Di Filològ ak Jili, Nere ak
sè li a ansanm avek Olimpas ak tout manm legliz ki la
avèk yo, bonjou. **16** Yonn bo lòt pou mwen tankou frè.
Tout legliz Kris yo voye bonjou pou nou. **17** M'ap ban
nou yon dènye ti konsèy, frè m' yo: Veye kò nou ak moun
k'ap simen divizyon, k'ap pale kont sa yo te moutre nou
an pou fè moun ki kwè yo pèdi tèt yo. **18** Moun konsa,
se pa Kris la, Seyè nou an, y'ap sèvi. Se vant yo y'ap
sèvi. Y'ap bay bèl pawòl, y'ap fè bèl diskou pou achte
figi moun. Se konsa yo pran tèt ti inonsan yo. **19** Pou
nou menm, moun lavil Wòm, tout moun konnen jan nou
soumèt nou devan Seyè a. Mwen byen kontan pou nou.
Men, mwen ta renmen pou nou toujou chache fè sa ki
byen, pou nou pa lage kò nou nan fè sa ki mal. **20** Anvan
lontan, Bondye ki bay kè poze a gen pou kraze Satan
anba pye nou. Se pou benediksyon Jezi, Seyè nou an,
toujou la avèk nou. **21** Timote, kanmarad travay mwen
an, ansanm ak Liziyis, Jazon, Sozipatè, fanmi m' yo, yo
tout voye bonjou pou nou. **22** Mwen menm, Tèsiyis, ki
kouche lèt sa a sou papye, mwen voye bonjou pou nou
nan renmen Kris la. **23** Gayis voye bonjou pou nou. Se
lakay li mwen fè ladesant. Epi se la tou tout legliz la fè
reyinyon. Eras, trezorye nan lavil la, ansanm ak frè Katis
voye di nou bonjou. **24** Se pou benediksyon Jezikri, Seyè
nou an, toujou la avèk nou tout. **25** Ann fè lwanj Bondye!
Se li ki gen pouvwa pou fè nou kenbe fèm nan konfyans
lan dapre bon nouvèl m'ap anonse a, dapre mesaj m'ap
preche sou Jezikri a, dapre konesans Bondye ban nou
kifè nou wè plan travay li. Se li menm ki gen pouvwa pou
fè nou kenbe fèm nan konfyans sa a. Plan travay sa a te
kache pandan lontan lontan. **(aiōnios g166)** **26** Men, koulye
a, li parèt aklè nan liv pwofèt yo te ekri yo. Konsa, dapre
lòd ki soti nan Bondye ki la pou tout tan an, plan travay la
rive an konesans moun tout lòt nasyon yo pou yo kapab
mete konfyans yo nan Bondye, pou yo kapab fè volonte
Bondye. **(aiōnios g166)** **27** Wi, lwanj pou Bondye, li menm
sèl ki gen bon konprann! Lwanj pou li nan Jezikri, depi
tout tan epi pou tout tan! Amèn. **(aiōn g165)**

1 Korint

1 Mwen menm Pòl, yon moun Bondye menm te deside
rele pou sèvi Jezikri apòt, m'ap ekri lèt sa a, ansanm
ak Sostèn, frè nou, **2** pou nou tout ki nan legliz Bondye a
lavil Korent. Bondye te rele nou pou viv apa pou li, nou
tout ki pou Bondye nan Jezikri, ansanm ak tout lòt moun
toupatou k'ap rele non Jezikri, Seyè nou an. Paske Jezikri
se Seyè yo menm jan li Seyè nou tou. **3** Nou mande
Bondye, Papa nou, ansanm ak Jezikri, Seyè a, pou yo
ban nou benediksyon ak kè poze. **4** Se tout tan m'ap di
Bondye mèsi pou sa l' fè pou nou menm, frè lavil Korent
yo, pou favè li te fè nou jwenn nan Jezikri. **5** Pandan n'ap
viv ansanm ak Kris la, Bondye fè nou rich nèt, li ban nou
tout kalite kado: kado sa yo penmèt nou preche pawòl la
tout jan epi yo ban nou anpil konesans. **6** Bon Nouvèl ki
pale sou Kris la fin pran rasin nèt nan mitan nou. **7** Se
sak fè, nou pa manke anyen nan kado Bondye bay yo,
pandan n'ap tann jou lè Jezikri, Seyè nou an, pral parèt la.
8 Bondye va kenbe nou fèm jouk sa kaba. Konsa, yo p'ap
jwenn anyen pou repwoche nou lè jou Jezikri, Seyè nou
an, va rive. **9** Bondye ki rele nou pou nou ka viv ansanm
ak Pitit li, Jezikri, Seyè nou an, ap toujou kenbe pawòl li.
10 Frè m' yo, men sa m'ap mande nou, nan non Jezikri,
Seyè nou an. Tanpri, mete nou dakò sou tout bagay. Pa
kite divizyon mete pye nan mitan nou. Okontrè, se pou
nou viv byen yonn ak lòt. Mete yon sèl lide nan tèt nou, se
pou nou tout gen yon sèl pawòl. **11** Mwen di nou sa, frè m'
yo, paske m' vin konnen nan bouch kèk moun nan fanmi
Kloe a, te gen gwo kont pete nan mitan nou. **12** Men sa
m' vle di: Chak moun ap di yon bagay diferan. Sa a di:
mwen se moun Pòl. Yon lòt di: mwen se moun Apolòs.
Yon lòt ankò di: mwen se moun Pyè. Yon lòt ankò: mwen
se moun Kris la. **13** Nan kondisyon sa a, Kris la gen lè
divize? Eske se Pòl yo te kloure sou kwa a pou nou?
Osinon, èske se nan non Pòl yo te batize nou? **14** Mwen
di Bondye mèsi dèske mwen pa t' batize nou yonn, an
wetan Krispis ak Gayis. **15** Konsa, pesonn pa ka di yo
te batize nan non Pòl. **16** (Mwen t'ap bliye sa: mwen te
batize Estefanas ak moun lakay li yo tou. Men, mwen pa
chonje m' te batize pesonn lòt ankò.) **17** Epitou, Kris la pa
t' voye m' batize moun. Li te voye m' anonse Bon Nouvèl
la, epi se pou m' anonse l' san m' pa bezwen sèvi ak bèl
diskou bon konprann lèzòm, pou m' pa fè lanmò Kris la
sou kwa a pase pou anyen. **18** Pawòl ki fè nou konnen
jan Kris la mouri sou kwa a, se pawòl moun fou pou moun
k'ap peri yo. Men, pou nou menm ki delivre yo se pouvwa
Bondye. **19** Se sa menm ki te ekri nan Liv la: M'ap detwi
bon konprann moun lespri yo. M'ap voye konesans save
yo jete. **20** Bon, lè sa a, moun ki gen bon konprann yo,
moun ki fò yo, moun ki renmen diskite dapre prensip
lèzòm yo, kisa yo gen pou di ankò? Eske Bondye pa fè wè
se bon konprann lèzòm lan ki pawòl moun fou? **(aiōn g165)**
21 Se sak fè, moun k'ap viv dapre lide ki nan lemonn lan,
avèk tout bon konprann yo, yo pa kapab rekonèt Bondye
kote Bondye ap fè wè bon konprann li. Se poutèt sa,
Bondye deside delivre tout moun ki kwè nan pawòl moun
fou n'ap anonse a. **22** Yon bò, jwif yo ap mande mirak,
yon lòt bò grèk yo ap chache bon konprann. **23** Men nou
menm, n'ap fè konnen Kris yo te kloure sou kwa a. Pou
jwif yo, sa se yon wòch k'ap fè yo bite. Pou moun ki pa
jwif yo, sa se bagay moun fou. **24** Men pou tout moun
Bondye rele yo, kit yo jwif, kit yo pa jwif, n'ap fè konnen
Kris la ki bon konprann Bondye a ak pouvwa Bondye a.
25 Paske, sa ki sanble yon bagay moun fou Bondye ap fè
a, li pi bon konprann pase bon konprann lèzòm. Sa ki
sanble yon feblès Bondye ap moutre, li pi fò pase fòs
lèzòm. **26** Koulye a, frè m' yo, chonje ki kalite moun nou te
ye lè Bondye te rele nou. Pa gen anpil nan nou ki gen bon
konprann dapre sa lèzòm rele bon konprann, pa gen anpil
grannèg, ni anpil moun gran fanmi. **27** Se konsa, Bondye
chwazi moun lèzòm konsidere tankou moun sòt pou l'
fè moun ki gen bon konprann yo wont. Li chwazi moun
lèzòm konsidere tankou moun ki fèb pou l' fè grannèg yo
wont. **28** Li chwazi moun lèzòm gade pou anyen, moun
yo meprize, moun ki pa menm egziste pou yo, pou li te ka
kraze sa ki gen enpòtans pou moun k'ap viv dapre lide ki
nan lemonn. **29** Konsa, pa gen moun ki ka fè grandizè
devan Bondye. **30** Bondye mete nou ansanm ak Jezikri, li
fè Kris la tounen bon konprann pou nou. Se Kris la ki fè
Bondye fè nou gras. Se li menm k'ap fè nou viv apa pou
Bondye, se li menm ki delivre nou. **31** Konsa, jan sa ekri
nan Liv la: Si yon moun vle fè lwanj tèt li, se pou l' fè lwanj
tèt li nan sa Bondye fè pou li.

2 Frè m' yo, lè mwen te al lakay nou, se pa t' avèk
gwo diskou ni bèl pawòl mwen te fè nou konnen plan
travay Bondye ki te kache a. **2** Mwen te mete nan tèt
mwen pou m' te bliye tout bagay sa yo. Yon sèl bagay
mwen te konnen tout tan mwen te la ansanm ak nou an,
se Jezikri, epi sèlman Jezikri yo te kloure sou kwa a. **3**
Mwen vin kanpe tou fèb devan nou. Lè sa a, mwen t'ap
tranble nan tout kò m' sitèlman mwen te pè. **4** Lè m' te
fè nou konnen tout bagay sa yo, lè m' te anonse nou
nouvèl la, se pa t' avèk bèl pawòl bon konprann lèzòm
mwen t'ap chache pran tèt nou. Men, se te avèk pouvwa
Lespri Bondye a ki t'ap bay tout prèv pou fè nou kwè. **5**
Konsa, konfyans nou gen nan Bondye a pa chita sou bon
konprann lèzòm, men sou pouvwa Bondye. **6** Malgre sa,
se yon bon konprann m'ap fè moun ki byen devlope nan
konfyans yo konnen. Men, se pa menm bon konprann ak
bon konprann moun k'ap viv dapre lide ki nan lemonn, ni
ak bon konprann pouvwa k'ap donminen lemonn, pouvwa
ki la pou disparèt. **(aiōn g165)** **7** Bon konprann m'ap anonse
a, se bon konprann Bondye te sere a. Li te kache nan
je moun. Men, depi anvan Bondye te kreye anyen, bon
konprann sa a te nan plan l' pou l' te ka sèvi yon lwanj pou
nou. **(aiōn g165)** **8** Pa gen pouvwa nan lemonn ki te konnen
bon konprann sa a. Si yo te konnen l', yo pa ta kloure
Seyè ki merite lwanj la sou kwa a. **(aiōn g165)** **9** Men, jan
sa te ekri nan Liv la: Bagay pesonn pa t' janm wè, ni pa t'

janm tande, bagay ankenn moun pa t' janm mete nan
tèt yo, se sa Bondye te pare pou moun ki renmen li. **10**
Bondye voye Sentespri l' ki devwale sekrè travay sa a
ban nou. Lespri Bondye sonde tout bagay, menm sa ki
nan fon kè Bondye. **11** Pran nenpòt moun: Kilès ki ka
konnen sa ki nan kè li? Se lespri ki nan li a sèlman ki ka
konn sa. Konsa tou, sèl Lespri Bondye konnen tout bagay
ki nan Bondye. **12** Se pa lespri k'ap travay nan moun k'ap
viv dapre lide ki nan lemonn lan nou te resevwa. Lespri
nou resevwa a, se Lespri Bondye te voye ban nou an pou
n' te ka konnen tout favè Bondye te fè nou. **13** Si n'ap
pale sou tout favè Bondye fè nou, se pa avèk pawòl nou
jwenn nan bon konprann lèzòm, men se pito avèk pawòl
Lespri Bondye ap moutre nou. Se konsa, nou fè moun ki
gen Lespri Bondye nan kè yo konprann verite ki soti nan
Lespri a. **14** Yon moun ki pa gen Lespri Bondye a nan kè
l' pa ka asepte verite ki soti nan Lespri Bondye a. Pou
li, se pawòl moun fou yo ye. Li pa kapab konprann yo,
paske se Lespri Bondye a ki pou ede l' egzaminen yo. **15**
Okontrè, moun ki gen Lespri Bondye a nan kè l', li kapab
jije tout bagay. Men li menm, pesonn pa ka jije li. **16** Jan
sa ekri nan Liv la: Ki moun ki konnen sa k'ap pase nan tèt
Mèt la? Ki moun ki pou moutre l' sa pou l' fè? Men nou
menm, nou konnen sa ki nan lide Kris la.

3 Men, frè m' yo, pou di vre, mwen pa t' kapab pale ak
nou tankou ak moun ki gen Lespri Bondye a nan kè
yo. Mwen te blije pale ak nou tankou ak moun k'ap viv
dapre lide ki nan lèmonn, tankou ak moun ki timoun toujou
nan konfyans yo nan Kris la. **2** Mwen te blije moutre nou
ti bagay tou senp, tankou lè yo bay timoun piti lèt, yo pa
ba yo gwo manje. Paske nou pa t' ankò pare pou sa. Ata
koulye a, nou poko pare. **3** Paske n'ap viv tankou moun
k'ap viv dapre lide ki nan lemonn toujou. Depi ou tande
gen jalouzi nan mitan nou, depi nou gen kont yonn ak lòt,
nou tou wè se moun lemonn nou ye, se tankou moun k'ap
viv dapre lide ki nan lemonn lan n'ap viv. **4** Lè yonn rete li
di: Mwen menm, mwen se moun Pòl; yon lòt: Mwen se
moun Apolòs, èske se pa tankou moun lemonn n'ap pale?
5 Lè ou gade byen, ki moun ki Apolòs la? Ki moun ki Pòl
la? Nou tou de se sèvitè Bondye nou ye. N'ap travay pou
nou menm, moun Korent yo, nou te ka rive kwè. Chak
moun te fè travay Mèt la te ba l' fè. **6** Mwen plante, Apolòs
wouze, men se Bondye ki fè plant lan pouse. **7** Konsa,
moun ki plante a pa anyen, moun ki wouze a pa anyen
tou. Se Bondye ki tout bagay la, se li menm ki fè plant
lan pouse. **8** Moun ki plante a ak moun ki wouze a, se
menm bagay yo ye. Bondye va ba yo sa yo merite dapre
travay yo fè. **9** Apolòs ak mwen, se travay n'ap travay
ansanm pou Bondye. Nou menm, moun Korent yo, nou
se tankou yon jaden Bondye bay travay pou li. Ou ankò,
nou se yon kay Bondye ap bati. **10** Dapre favè Bondye te
fè m' lan, mwen travay tankou yon bon enjenyè, mwen
poze fondasyon an. Yon lòt ap bati sou li. Men, se pou
chak moun veye kò yo pou yo konnen ki jan y'ap bati.
11 Paske fondasyon an deja la: se Jezikri. Pesonn pa
ka poze yon lòt. **12** Gen moun k'ap sevi ak lò, osinon
ak lajan, osinon ak bèl wòch ki koute chè pou bati sou
fondasyon an. Gen lòt menm k'ap sèvi ak bwa, ak zèb
chèch, ak pay. **13** Men, se jou jijman an n'a wè ki kalite
travay chak moun te bay. Se jou sa a ki va devwale kalite
travay chak moun te fè. Paske jou sa a, se nan mitan dife
l'ap parèt. Dife a pral sonde travay chak moun. L'ap fè wè
kalite travay yo. **14** Si dife a pa boule travay yon moun
bati sou fondasyon an, moun sa a ap resevwa rekonpans
li. **15** Men tou, si dife a boule travay yon moun, moun sa
a ap pèdi travay li. Men li menm, l'ap sove, tankou yon
moun ki chape nan yon kay k'ap boule. **16** Eske nou pa
konnen se tanp Bondye a nou ye, se Lespri Bondye a
ki rete nan kè nou? **17** Enben, si yon moun kraze tanp
Bondye a, Bondye ap kraze l' tou. Paske tanp Bondye a
se yon bagay ki apa pou li. Se nou menm ki tanp Bondye
a. **18** Piga pesonn twonpe tèt yo. Si yon moun mete nan
lide l' li gen bon konprann tankou moun k'ap viv dapre
lide ki nan lemonn yo, pito li vin fou pou l' ka gen bon
konprann tout bon. **(aiōn g165)** **19** Paske, bon konprann
moun k'ap viv dapre lide ki nan lemonn yo se bagay moun
fou li ye devan Bondye. Men sa n' jwenn ekri nan Liv la:
Bondye pran moun lespri yo nan pwòp pèlen yo te tann
lan. **20** Nou jwenn sa ekri tou: Bondye konnen lide moun
save yo mete nan tèt yo, li konnen tou sa pa vo anyen. **21**
Konsa, pesonn pa dwe chache lwanj pou tèt pa yo nan sa
moun ka fè. Pou nou menm, tout bagay se pou nou yo ye.
22 Ni Pòl, ni Apolòs, ni Pyè, ni tou sa ki sou latè, se pou
nou yo ye. Lavi, lanmò, bagay ki la koulye a, bagay ki gen
pou vini, tou sa se pou nou yo ye tou. **23** Men nou menm,
se pou Kris la nou ye. Kris la menm, se pou Bondye.

4 Se poutèt sa, nou menm moun Korent, se pou nou
rekonèt se sèvitè Kris la mwen ye, tankou yon jeran
Bondye mete reskonsab plan travay li yo ki te kache. **2**
Yon sèl bagay yo mande yon jeran, se pou l' yon moun
serye. **3** Pou mwen menm, nou te mèt jije m', lèzòm te
mèt jije m' nan tribinal yo, sa pa di m' anyen. Mwen menm,
poutèt pa m', mwen pa jije tèt mwen non plis. **4** Konsyans
mwen pa repwoche m' anyen, se vre. Men, sa pa vle di
mwen inonsan pou sa. Se Seyè a ki sèl jij mwen. **5** Se
poutèt sa, pa prese jije pesonn anvan lè a rive. Se pou
nou tann Seyè a vini. Se li menm k'ap mete deyò tou sa
ki te kache, tou sa ki t'ap fèt nan fènwa. L'ap devwale
tout kalkil lèzòm t'ap fè nan kè yo. Lè sa a, chak moun
va resevwa lwanj yo merite nan men Bondye. **6** Frè m'
yo, nan tout bagay sa yo, si m' pran egzanp sou mwen
ak Apolòs, se te pou byen nou. Mwen ta vle nou pran
egzanp sou nou pou n' ta ka konprann sans pawòl la ki di:
Rete nan limit yo ban nou an. Piga pesonn pran pati pou
yon moun kont yon lòt. **7** Kilès ki di ou pi bon pase lòt
yo? Kisa ou genyen se pa Bondye ki ba ou li? Enben,
nan kondisyon sa a, poukisa w'ap fè grandizè pou sa ou
genyen an tankou si se pa Bondye ki te ba ou li? **8** Atò,
nou gen tan gen tou sa n' te bezwen? Nou gen tan rich

kont kò nou? Nou gen tan tounen wa anvan mwen? Mwen
ta byen kontan si nou ta tounen wa tout bon, pou m' te
kapab wa tou ansanm avèk nou. 9 Men, nou menm apòt
Kris yo, gen lè Bondye mete nou dèyè nèt. Nou tankou
moun yo kondannen amò pou yo touye sou plas piblik;
nou tounen yon espektak pou tout moun, ni pou zanj yo
nan syèl la, ni pou moun sou latè. 10 Poutèt Kris la, nou
menm apòt yo, nou tankou moun fou. Men, nou menm
moun Korent yo, gen lè nou gen bon konprann nan Kris
la? Nou menm apòt yo, nou fèb. Men, nou menm moun
Korent yo, gen lè nou gen fòs kouraj? Nou menm apòt yo,
y'ap meprize nou tankou chen. Men, nou menm moun
Korent yo, yo respekte nou nèt ale? 11 Jouk koulye a nou
anba grangou, nou swaf dlo, nou manke rad, y'ap bat
nou, n'ap plede mache san nou pa gen kote pou n' rete.
12 N'ap fatige kò nou travay pou n' ka manje. Lè yo joure
nou, nou mande benediksyon pou moun k'ap joure nou; lè
yo pèsekite nou, nou mare kè nou. 13 Lè yo pale nou mal,
nou menm se byen nou di pou yo. Jouk koulye a, y'ap
konsidere nou tankou fatra ki nan lemonn, dènye kras
moun ki sou latè. 14 Mwen pa ekri nou tout bagay sa yo
paske mwen vle fè nou wont non. Men, se vle mwen vle fè
nou wè rezon, tankou pitit mwen renmen anpil. 15 Menm
si nou ta rive gen dimil (10.000) moun k'ap kondi nou nan
lavi n'ap mennen ansanm ak Kris la, nou pa ka gen anpil
papa. Si n'ap konsidere lavi n'ap mennen ansanm ak Kris
la, se mwen menm ki papa nou, paske se mwen menm ki
te pote bon nouvèl la ban nou. 16 Tanpri, pran egzanp sou
mwen. 17 Se pou sa menm m'ap voye Timote, pitit mwen
nan Seyè a, ban nou. Se yon pitit mwen renmen anpil, li
menm tou li fèb pou mwen. La fè nou chonje tout prensip
k'ap dirije lavi m'ap mennen nan Kris la. Se menm prensip
sa yo m'ap moutre toupatou nan tout legliz yo. 18 Gen
kèk moun nan mitan nou ki gen tan gonfle lestonmak yo
ak lògèy. Yo mete nan lide yo mwen p'ap vini wè nou. 19
Enben, si Bondye vle, m'ap vin wè nou anvan lontan. Lè
sa a, m'a wè sa bann grandizè sa yo ka fè apre tou sa yo
di a. 20 Paske, nan peyi kote Bondye wa a, pale anpil pa
di anyen, se fè ki tout bagay la. 21 Kisa nou pito? Nou ta
vle mwen vin ak yon baton pou nou, osinon avèk renmen,
avèk dousè nan kè mwen pou nou? Libètinaj nan legliz la

5 Toupatou y'ap fè kouri bri jan gen dezòd lachè k'ap fèt
nan mitan nou. Dezòd la sitèlman wòd, ata moun lòt
nasyon yo pa ta fè bagay konsa. Y'ap mache di gen yonn
nan nou k'ap viv ak madanm papa li. 2 Apre sa, ki jan
nou ka fè gen lògèy ankò? Okontrè, se bagay ki pou ta fè
nou kriye anpil. Epi, nonm ki fè bagay sa a, se pou n' te
wete l' nan mitan nou. 3 Mwen menm, mwen pa la avèk
nou nan kò m', men mwen la nan lespri m'. Pou tèt pa m',
nan non Jezikri, Seyè a, mwen deja jije nonm ki fè kalite
vye bagay lèd sa a, tankou si m' te la avèk nou. 4 Lè n'a
reyini ansanm, m'a la tou avèk nou nan lespri, pa pouvwa
Jezikri, Seyè nou an. 5 Se pou n' lage nonm sa a nan
men Satan pou kò l' ka peri. Se konsa lespri l' ka jwenn
delivrans lè jou Seyè a va rive. 6 Nanpwen anyen la a
pou n'ap fè grandizè! Nou konn pawòl la ki di: Se yon ti
kras ledven ki fè tout pa t' la leve. 7 Wete vye ledven
peche sa a pou nou ka tounen yon lòt kalite moun. Lè sa
a, n'a tankou yon pa t' ki fèk bat, san ledven ladan li. Pou
di vre, se sa menm nou ye deja. Paske Delivrans nou, se
Kris la menm. Yo ofri l' bay Bondye pou nou deja tankou ti
mouton yo konn touye lè fèt la. 8 Se pa pou n' fete fèt la
avèk pen ki gen vye ledven an, ledven vis ak mechanste.
Men, ann fete l' avèk pen san ledven an, pen ki bon pou
moun k'ap sèvi Bondye ak tout kè yo. 9 Nan lèt mwen te
ekri nou an, mwen te mande pou n' pa mele ak moun k'ap
viv nan imoralite. 10 Lè sa a, mwen pa t' gen nan lide
mande nou pou n' separe ak tout moun sou latè k'ap viv
nan dezòd lachè, ki gen lanvi plen kè yo, k'ap vòlò osinon
k'ap sèvi zidòl. Pou n' ta egzante tout moun sa yo, se kite
pou n' ta kite tè a nèt. 11 Mwen te vle di pou n' pa mele
ak yon nonm ki swadizan frè nou nan Kris la, men k'ap viv
nan dezòd, ki gen lanvi plen kè l', k'ap sèvi zidòl, k'ap pale
moun mal, ki tafyatè, osinon ki vòlò. Nou pa dwe menm
chita sou menm tab pou n' manje ak yon nonm konsa. 12
Zafè moun deyò pa gade m', mwen pa gen dwa jije yo. Se
Bondye ki va jije yo. 13 Men, èske se pa devwa nou pou
n' jije moun ki anndan yo, moun ki ansanm avè n' yo?
Tankou yo di l' nan Liv la: Wete mechan an nan mitan
nou.

6 Lè yonn nan nou gen kont ak yon frè, ki jan l' ka penmèt
li al nan tribinal devan moun ki pa konn Bondye, pase
pou l' mande moun ki fè pati pèp Bondye a regle sa pou
li? 2 Kouman? Se konnen nou pa konnen moun ki fè
pati pèp Bondye a gen pou jije moun ki nan lemonn yo?
Si nou gen pou nou jije moun k'ap viv dapre lide ki nan
lemonn yo, ki jan nou fè pa kapab jije bagay ki pi piti pase
sa? 3 Se konnen nou pa konnen nou gen pou n' jije ata
zanj Bondye yo tou? Se pa ti bagay k'ap pase sou latè sa
a pou n' pa ta kapab jije. 4 Si nou gen kont pou ti bagay
konsa, nou pa ka al pran moun ki pa anyen nan legliz la
pou jije nou. 5 Mwen wont pou nou. Konsa, gen lè pa gen
pesonn nan mitan nou ki gen bon konprann dekwa pou
regle kont nou gen yonn ak lòt, 6 kifè yon frè blije rele yon
lòt frè nan tribinal pou fè moun ki tou pa kwè yo jije nou?
7 Sa ki pi rèd, si nou ka gen pwose yonn ak lòt, sa deja
moutre jan nou pa bon menm. Poukisa nou pa asepte
soufri lenjistis pito? Poukisa nou pa kite yo piye nou pito?
8 Okontrè, mwen wè se nou menm k'ap fè lòt lenjistis,
k'ap piye yo, epi ki moun n'ap fè sa, se pwòp frè nou nan
Kris la! 9 Nou konnen byen pwòp moun ki mechan p'ap
resevwa anyen nan peyi kote Bondye wa a. Pa twonpe tèt
nou: moun k'ap viv nan dezòd, moun k'ap sèvi zidòl, moun
k'ap viv nan adiltè, moun pèvèti k'ap sèvi fanm ak fanm,
gason ak gason, 10 moun k'ap vòlò, moun ki gen lanvi
plen kè yo, tafyatè, moun k'ap pale moun mal, piyajè, yo
yonn p'ap resevwa anyen nan peyi kote Bondye wa a.
11 Anpil nan nou, se sa menm nou te ye. Men, koulye a
Bondye mete nou nan kondisyon pou nou sèvi l'. Gremesi

Jezikri, Seyè a, li mete nou apa pou li, li fè nou gras pa
pouvwa Lespri Bondye nou an. 12 Gen kèk moun nan nou
ki di: Mwen gen dwa fè tout bagay. Wi, ou gen dwa fè tout
bagay. Men, tout bagay pa bon pou fè. Mwen ka di mwen
gen dwa fè tout bagay. Men, mwen p'ap kite anyen fè m'
tounen esklav li, li te mèt sa l' te ye. 13 Nou di tou: Manje
fèt pou vant, vant fèt pou manje. Se vre. Men, Bondye ap
detwi ni yonn ni lòt. Kò moun pa fèt pou dezòd lachè. Se
pou Seyè a li ye, Seyè a se pou kò a li ye. 14 Bondye te
fè Seyè a leve soti vivan nan lanmò. La fè menm bagay la
tou pou nou ak pouvwa li. 15 Nou konnen, pa vre, kò nou
se manm kò Kris la. Eske mwen ka pran yon mann kò
Kris la pou m' fè l' tounen yon manm kò yon fanm k'ap fè
jennès? Pa posib! 16 Eske nou pa konn sa: yon nonm ki
mete kò l' ak yon fanm ki nan jennès, li fè yon sèl kò avèk
li. Se sa Liv la di: yo tou de va fè yon sèl kò. 17 Men,
moun ki mete l' avèk Seyè a, li fè yon sèl lespri avèk li. 18
Kouri pou dezòd lachè. Yon moun te mèt fè tout lòt kalite
peche, sa pa fè kò l' anyen. Men, moun ki lage kò l' nan
dezòd lachè, li fè peche kont pwòp kò li. 19 Se konnen
nou pa konnen kò nou se tanp Sentespri k'ap viv nan kè
nou, Sentespri Bondye te ban nou an? Nou pa mèt tèt nou
ankò. 20 Bondye achte nou kach, li peye chè pou sa. Se
poutèt sa, sèvi ak kò nou yon jan pou fè lwanj Bondye.

7 Bon. Koulye a ann wè keksyon nou te mande m' nan
lèt nou an: Wi. Yon nonm fè byen si l' pa marye. 2
Men, sitèlman gen dezòd lachè deyò a, se pou chak
gason gen madanm pa yo. Konsa tou, se pou chak fanm
gen mari pa yo. 3 Se pou gason an fè tout devwa yon
mari dwe fè anvè madanm li. Konsa tou, se pou fanm
lan fè tout devwa yon madanm dwe fè anvè mari li. 4
Madanm lan pa ka fè sa l' vle ak kò li. Se pou mari a kò
madanm lan ye. Konsa tou, yon mari pa ka fè sa l' vle
ak kò li. Se pou madanm lan kò mari a ye. 5 Piga yonn
repouse lòt, esepte si nou te antann nou sou sa pou yon
moman pou nou ka lapriyè. Men apre sa, tounen tounen
nou ansanm pou n' viv tankou mari ak madanm. Si nou pa
fè l' konsa, nou riske pa ka kontwole kò nou ankò. Lè sa
a, n'a ka tonbe pi fasil nan pèlen Satan. 6 Se pa yon lòd
m'ap bay lè m' di sa, men se yon pèmisyon. 7 Pou di vre,
mwen ta pito wè tout moun fè tankou mwen. Men, chak
moun gen kado pa yo Bondye ba yo. Yon moun resevwa
yon kalite kado, yon lòt moun resevwa yon lòt kalite kado.
8 Men sa m'ap di moun ki pa marye yo ansanm ak vèv yo.
Li ta pi bon pou yo rete tankou m', pou kont yo. 9 Men,
si nou pa ka kontwole kò nou, marye marye nou. Pito
nou marye pase pou n' kite lanvi boule nou. 10 Kanta
pou moun marye yo, men lòd mwen ba yo (Sa pa soti
nan mwen non, men nan Seyè a menm): Lè yon fanm
marye, li pa dwe kite ak mari li. 11 Si li rive kite avè l', se
pou l' rete pou kont li, san l' pa remarye. Pase pou l' ta
remarye, pito li tounen ak mari l' ankò. Konsa tou, yon
mari pa dwe mete madanm li deyò. 12 Pou lòt yo menm,
men sa m'ap di: (Fwa sa a, sa se konsèy pa mwen. Sa pa
soti nan Seyè a.) Si yon mari ki gen konfyans nan Kris la
gen yon fanm ki pa gen konfyans nan Kris la, epi si fanm
lan dakò pou l' kontinye viv avè l', mari a pa gen dwa
mete l' deyò. 13 Konsa tou, si yon fanm ki gen konfyans
nan Kris la gen yon mari ki li menm pa gen konfyans nan
Kris la, epi si mari a dakò pou l' kontinye viv avè li, li pa
fèt pou kite ak mari a. 14 Mari ki pa gen konfyans lan,
Bondye asepte l' paske l'ap viv ansanm ak madanm li ki
gen konfyans. Konsa tou, madanm ki pa gen konfyans
lan, Bondye asepte l' paske l'ap viv ansanm ak mari l' ki
gen konfyans. Si sa pa t' konsa, pitit nou yo ta tankou
pitit moun lòt nasyon yo. Men, jan sa ye a, yo menm tou
Bondye asepte yo. 15 Men, si moun ki pa gen konfyans
lan vle kite, li mèt kite. Nan ka sa a, frè a osinon sè a
pa gen ankenn angajman ankò. Paske, Bondye rele nou
pou nou viv ak kè poze. 16 Eske ou konnen, ou menm
madanm ki gen konfyans lan, si ou p'ap sove mari ou?
Eske ou konnen, ou menm mari ki gen konfyans lan, si ou
p'ap sove madanm ou? 17 Esepte nan ka sa a, se pou
chak moun kontinye viv dapre kado Bondye ba yo, jan yo
te ye lè Bondye te rele yo a. Se lòd sa a mwen bay nan
tout legliz yo. 18 Si yon moun te deja sikonsi lè Bondye
te rele l' la, li pa bezwen chache wete mak sikonsizyon
an sou li. Si yon moun pa t' sikonsi lè Bondye te rele l'
la, li pa bezwen fè yo sikonsi li. 19 Kit ou sikonsi, kit ou
pa sikonsi, sa pa konsekan ankò. Sa ki konsekan an se
obeyi pou nou obeyi kòmandman Bondye yo. 20 Se pou
chak moun rete jan yo te ye lè Bondye te rele yo a. 21 Si
ou te esklav lè Bondye te rele ou la, pa chaje tèt ou pou
sa. Men, si chans pou ou ou ka vin lib, pwofite chans lan.
22 Yon moun ki esklav, depi Bondye rele l', se yon moun
lib sou kont Seyè a li ye. Konsa tou, moun ki lib la, depi
Bondye rele l', se esklav Kris la li ye. 23 Bondye te achte
nou. Li peye byen chè pou sa. Pa tounen esklav moun.
24 Frè m' yo, se pou chak moun rete devan Bondye nan
kondisyon yo te ye lè Bondye te rele yo a. 25 Kanta pou
moun ki pa marye yo, Seyè a pa ban m' ankenn lòd pou
yo. M'ap bay lide pa m', epi nou te mèt fè m' konfyans
akòz favè Bondye fè m' nan kè sansib li gen pou mwen
an. 26 Jan tan an difisil koulye a, men lide m' fè nan tèt
mwen. Mwen kwè sa bon pou yon nonm rete jan l' ye a.
27 Si l' gen tan gen yon madanm, li pa bezwen chache
separe avè li. Si l' poko marye, li pa bezwen chache yon
madanm. 28 Si l' ta vle marye tou, li mèt; li p'ap fè ankenn
peche. Konsa tou, si yon jenn fi vle marye, li pa fè peche
pou sa. Men, moun k'ap marye yo pral gen kont traka yo
nan lavi a. Mwen pa ta renmen wè sa rive yo. 29 Frè
m' yo, men sa m' vle di: Pa gen anpil tan ki rete ankò.
Depi koulye a, se pou moun marye yo viv tankou si yo
pa t' marye. 30 Se pou moun k'ap kriye yo viv tankou
moun ki pa gen lapenn. Moun ki gen kè kontan yo, se pou
yo viv tankou moun ki pa gen kè kontan. Se pou moun
k'ap achte yo viv tankou si sa yo achte a pa t' pou yo. 31
Moun ki rich sou latè, se pou yo viv tankou moun ki pa
gen anyen. Paske, jan sa ye koulye a nan lemonn, sa pa
la pou lontan ankò. 32 Mwen pa ta renmen wè nou gen

ankenn tèt chaje. Yon nonm ki pa marye, l'ap okipe zafè
Seyè a sèlman. L'ap chache fè Seyè a plezi. 33 Yon moun
ki marye, l'ap okipe zafè lemonn tou paske l'ap chache
fè madanm li plezi. 34 Lè sa a, li vin gen de okipasyon.
Konsa tou, yon fanm ki san mari, osinon yon jenn fi ki
pa marye, sè zafè Seyè a sèlman y'ap okipe, paske yo
vle mete tout kò yo, tout nanm yo apa pou li. Men, sa ki
marye yo ap okipe zafè lemonn tou, paske y'ap chache fè
mari yo plezi. 35 Se pou byen nou m'ap di nou sa. Mwen
pa vle mare pye pesonn. Okontrè, mwen vle pou nou tout
viv jan nou wè l' pi bon pou nou an, epi pou nou toujou
rete fè m' ap sèvi Seyè a san dezanpare. 36 Ann wè
koulye a keksyon de fiyanse ki pran desizyon pou yo rete
san yo pa marye. Si jenn gason an santi li pa ka kontinye
aji jan l' te dwe ak jenn fi a, si l' pa ka kontwole lanvi l'
ankò, si l' wè se nesesè pou yo marye, yo mèt marye jan
l' vle l' la. Li pa fè ankenn peche pou sa. 37 Konsa tou,
si jenn gason an pran fèm desizyon pou l' pa marye, si
l' kapab kontwole volonte l', si li deside nan tèt li se sa
pou l' fè, enben, li fè byen si l' pa marye ak jenn fi a. 38
Konsa, jenn gason ki marye ak fiyanse l' la fè byen. Men,
sa ki pa marye a fè pi byen toujou. 39 Yon fanm marye
gen angajman ak mari l' toutotan mari a vivan. Men, si
mari a mouri, li lib marye ak moun li vle, depi se ak yon
moun ki patizan Kris la. 40 Men, l'ap gen mwens tèt chaje
si l' rete jan l' ye a. Sa se lide pa mwen. Epi mwen kwè
poutèt pa m' mwen gen Lespri Bondye a avè mwen.

8 Ann wè koulye a keksyon vyann bèt yo ofri bay zidòl.
Se vre: nou tout nou gen konesans, jan nou di a.
Sèlman, konesans fè moun gonfle ak lògèy. Men, se
renmen ki pou fè nou grandi nan konfyans nan Kris la
tout bon. 2 Moun ki mete nan tèt li li konn kichòy, li poko
konnen jan l' dwe konnen an. 3 Men, moun ki renmen
Bondye, Bondye konnen li. 4 Bon, men keksyon an: èske
nou ka manje vyann bèt yo ofri bay zidòl? Nou konnen
byen pwòp zidòl yo pa reprezante anyen ki vre sou latè.
Se yon sèl Bondye a ki genyen. 5 Nou te mèt tande gen
lòt swadizan bondye nan syèl la ak sou latè a (sa pa
manke: gen anpil bagay ki pase pou bondye, gen anpil
yo rele mèt vre), 6 pou nou menm, se yon sèl Bondye
a ki genyen: se Papa a ki kreye tout bagay epi se pou
li n'ap viv. Pou nou menm, se yon sèl Mèt ki genyen:
se Jezikri, se nan li tout bagay soti, se li k'ap fè nou viv
tou. 7 Men, se pa tout moun ki gen konesans sa a. Gen
moun ki te sitèlman abitye ak zidòl yo, jouk koulye a,
lè y'ap manje yon vyann, yo konprann se vyann bèt ki
te ofri bay zidòl y'ap manje. Konsyans yo fèb. Yo santi
yo mete tèt yo nan kondisyon yo pa ka sèvi Bondye ak
manje a. 8 Men, manje pa ka fè nou vin pi pre Bondye.
Nou pa pèdi anyen lè nou pa manje yon kalite manje,
ni nou pa genyen anyen lè nou manje yon lòt kalite. 9
Men, fè atansyon pou jan nou santi nou lib fè sa nou vle
a sa pa fè yon lòt frè ki fèb nan konfyans li tonbe nan
peche. 10 Si yon moun ki gen konsyans li fèb wè ou, ou
menm ki gen konesans, ap manje nan yon kay zidòl, sa
ka ankouraje l' pou l' manje vyann bèt yo ofri bay zidòl. 11
Nonm sa a ki fèb nan konfyans li a, Kris la te mouri pou
sove l' tou, men li va peri akòz konesans ou a. 12 Lè sa a,
se pa sèlman kont frè ou yo ou fè peche, se pa sèlman
konsyans yo ki fèb ou blese, men se kont Kris la menm
ou fè peche. 13 Pase pou yon manje fè frè m' tonbe nan
peche, mwen pito pa janm manje vyann ankò pou m' pa
fè frè m' tonbe nan peche. **(aiōn g165)**

9 Eske m' pa lib? Eske m' pa yon apòt? Eske m' pa t' wè
Jezikri, Seyè nou an? Eske nou menm, se pa rezilta
travay mwen nan sèvis Seyè a nou ye? 2 Menm si pou
lòt moun mwen pa apòt, pou nou menm se apòt mwen
ye. Paske, jan n'ap viv ansanm ak Seyè a, nou se prèv
se apòt mwen ye. 3 Lè moun ap kritike m', men ki jan
mwen defann tèt mwen: 4 Mwen mande yo: Eske m' pa
gen dwa pou yo ban m' manje, pou yo ban m' bwè pou
travay mwen? 5 Eske m' pa gen dwa fè tankou tout lòt
apòt yo, tankou frè Seyè yo ansanm ak Sefas, pou m'
mennen yon sè ki ta madanm mwen kote m' prale? 6
Eske se Banabas avè m' ase ki pou fè lòt travay pou n' ka
viv? 7 Nou janm tande yon sòlda ap fè sèvis nan lame,
pou se li menm ankò ki peye tèt li? Ou ankò, èske yon
moun pa gen dwa manje rezen nan pye rezen li te plante
a? Osinon, èske yon gadò mouton pa gen dwa bwè lèt
mouton l'ap okipe yo? 8 Pa konprann se sèlman nan zafè
lèzòm nou jwenn egzanp konsa. Lalwa Moyiz la di menm
bagay la tou. 9 Men sa ki ekri nan Liv lalwa a: Pa bay
bèf k'ap rale kabwèt la baboukèt. Se lapenn Bondye gen
konsa pou bèf yo atò? 10 Nou pa kwè se pou nou l'ap
pale pito? Men wi. Se pou nou pawòl la te ekri. Se pou
moun k'ap bat tè a fè travay la ak espwa y'ap ba li pa l'
nan rekòt la. Se menm jan an tou pou moun k'ap bat pwa
a. 11 Nou simen grenn ki soti nan Lespri Bondye a nan kè
nou. Eske se yon zafè sa ta ye si nou rekòlte nan byen
materyèl nou yo? 12 Si lòt moun gen dwa sa a sou nou,
èske nou menm nou pa gen plis dwa pase yo? Men nou
pa t' pwofite dwa sa a. Okontrè, nou soufri tout bagay pou
n' pa antrave mach bon nouvèl ki pale sou Kris la. 13 Nou
konnen sa byen pwòp: tout moun k'ap travay pou Bondye
nan tanp lan, manje yo sou kont tanp lan. Tout moun k'ap
ofri bèt pou touye sou lòtèl la resevwa pa yo nan vyann
bèt yo touye a. 14 Konsa tou, Seyè a bay lòd pou tout
moun k'ap anonse bon nouvèl la fèt pou yo viv sou kont
travay bon nouvèl la. 15 Men, poutèt pa m', mwen pa
janm pwofite dwa sa a. Se pa pou fè ankenn reklamasyon
non plis kifè m'ap ekri sa. Mwen ta pito mouri pase pou m'
ta kite moun wete lwanj sa a nan men mwen! 16 Tande
byen, se pa yon lwanj pou mwen dèske m'ap anonse bon
nouvèl la. Sa se yon obligasyon yo fè mwen. Malè pou
mwen si m' pa anonse bon nouvèl la! 17 Si se mwen ki
te chwazi tèt mwen pou fè travay sa a, mwen ta ka gen
espwa resevwa lajan pou sa. Men, si se fòse yo fòse m'
fè travay sa a, lè sa a se yon reskonsablite Bondye ban
mwen. 18 Ki jan yo peye m' atò? Tout plezi m' se pou m'
anonse bon nouvèl la gratis, san m' pa egzije anyen nan

sa yo dwe m' pou travay m'ap fè a lè m'ap anonse bon
nouvèl la. 19 Mwen lib, mwen pa esklav pesonn. Men,
mwen fè tèt mwen esklav tout moun pou m' ka mennen
mezi m' kapab vin jwenn Kris la. 20 Lè m'ap travay nan
mitan moun ki jwif, mwen viv tankou yon jwif pou m' ka
mennen yo vin jwenn Kris la. Mwen pa anba lalwa Moyiz
la. Men, mwen viv tankou si m' te anba l' lè m'ap travay
nan mitan moun ki anba lalwa a, pou m' ka mennen yo vin
jwenn Kris la. 21 Konsa tou, lè m' nan mitan moun ki pa
konnen lalwa Moyiz la, mwen viv tankou yo san m' pa
okipe lalwa a, pou m' ka mennen yo vin jwenn Kris la. Sa
pa vle di pou sa mwen pa obeyi lalwa Bondye a. Paske
mwen menm, mwen anba lalwa Kris la. 22 Avèk moun ki
fèb nan konfyans yo, m'ap viv tankou si mwen menm tou
mwen te fèb, pou m' sa mennen yo vini. Konsa konsa,
mwen fè m' tout jan ak tout moun pou m' ka sove kèk nan
yo pa tout mwayen posib. 23 Mwen fè tou sa poutèt bon
nouvèl la, pou m' ka resevwa pa m' nan benediksyon l' yo.
24 Lè y'ap fè konkou pou wè kilès ki ka kouri pi vit, tout
moun gen pou kouri. Men, se yon sèl ki gen premye pri a.
Nou konn sa, pa vre? Enben, nou menm tou, kouri pou
n' ka genyen kous la. 25 Moun k'ap fè egzèsis pou al
nan konkou, yo bay kò yo yon disiplen sevè pou yo ka
byen pare. Yo fè tou sa pou yo ka genyen yon kouwòn ki
p'ap konsève lontan. Men nou menm, n'ap bay kò nou
yon disiplen sevè pou n' ka genyen yon kouwòn k'ap la
pou tout tan. 26 Se poutèt sa, m'ap kouri, men je m' pa
soti sou kote pou m' rive a. Mwen tankou yon nonm k'ap
tire koutpwen, men mwen pa tankou moun k'ap goumen
ak lonbraj li. 27 Mwen aji di ak kò m', mwen kenbe l'
kout, pou mwen menm yo pa voye m' jete apre mwen fin
moutre lòt yo sa pou yo fè.

10 Frè m' yo, mwen vle fè nou chonje sa ki te rive
zansèt nou yo lè yo t'ap swiv Moyiz. Yo tout te anba
pwoteksyon nwaj la, yo tout te pase nan mitan Lanmè
Wouj la. 2 Antan yo te nan nwaj la ak nan lanmè a
ansanm ak Moyiz, yo tout te resevwa yon batèm. 3 Yo
tout te manje menm manje Lespri Bondye te ba yo a. 4
Yo tout te bwè menm bwason Lespri Bondye te ba yo a.
Se konsa yo t'ap bwè dlo ki t'ap soti nan gwo wòch Lespri
Bondye te ba yo epi ki t'ap mache ansanm ak yo a: Wòch
sa a, se te Kris la menm. 5 Atousa, anpil ladan yo pa t' fè
Bondye plezi. Se poutèt sa yo tonbe, yo mouri nan dezè
a. 6 Tout bagay sa yo rive pou sa sèvi nou leson pou nou
pa kite move lanvi kaye nan kè nou tankou yo te genyen l'
lan. 7 Piga nou sèvi zidòl tankou kèk ladan yo te fè l', jan
sa ekri nan Liv la: Pèp la chita, yo manje, yo bwè. Lèfini,
yo leve pran plezi yo. 8 Pa lage kò nou nan dezòd lachè
tankou kèk ladan yo te fè li. Lè sa a, venntwamil (23.000)
tonbe, yo mouri yon sèl jou. 9 Piga nou seye fè plan ak
Bondye tankou kèk ladan yo te fè li. Sa lakòz sèpan te
mòde yo, yo tout yo mouri. 10 Pa bougonnen tankou kèk
ladan yo te bougonnen. Lè sa a, zanj lanmò a te touye yo
tout. 11 Tout bagay sa yo rive pou sa sèvi lòt yo egzanp.
Yo ekri yo nan Liv la pou sa sèvi nou avètisman. Paske,
pou nou menm k'ap viv koulye a, pa rete lontan ankò
anvan pou lafen an rive. (aiōn g165) 12 Se sak fè, moun ki
kwè li byen kanpe a, pito li veye kò l' pou l' pa tonbe. 13
Tout tantasyon nou jwenn sou chemen nou, se menm
kalite tantasyon tout moun jwenn sou chemen yo tou.
Men, Bondye li menm toujou kenbe pawòl li: li p'ap kite yo
tante nou yon jan ki depase sa nou ka sipòte. Men, lè nou
va anba tantasyon an, la ban nou fòs pou nou ka sipòte l',
pou nou ka soti anba li. 14 Se poutèt sa, zanmi m' yo, pa
mele nan sèvis zidòl yo. 15 M'ap pale ak nou tankou ak
moun ki gen bon konprann: jije nou menm sa m'ap di a.
16 Gode benediksyon n'ap bwè a, lè nou fin di Bondye
mèsi pou li, èske se pa san Kris la n'ap separe bay tout
moun? Pen nou kase a, lè n'ap manje l', èske se pa kò
Kris la n'ap separe bay tout moun? 17 Se yon sèl pen ki
genyen, pa vre? Nou menm tou, nou te mèt anpil, nou
fè yon sèl kò, paske se yon sèl pen an nou separe bay
tout moun. 18 Ann konsidere jan sa fèt kay moun ras
Izrayèl yo: moun ki manje vyann bèt ki te ofri pou touye
pou Bondye sou lòtèl la, li vin an komenyon ak Bondye
ki mèt lòtèl la. 19 Kisa m' vle di la a? Gen lè zidòl y'ap
sèvi a, osinon vyann bèt yo ofri pou touye ba li a gen
yon valè? 20 Non! Men sa m' vle di: ofrann bèt moun lòt
nasyon yo ap fè a, se pa pou Bondye, se pou denmon yo
fè li. Mwen pa ta vle nou vin an komenyon ak denmon yo.
21 Nou pa kapab ap bwè nan gode Seyè a anmenmtan
pou n'ap bwè nan gode denmon yo tou. Nou pa kapab ap
manje sou menm tab avèk Seyè a anmenmtan pou n'ap
manje sou menm tab ak denmon yo. 22 Osinon, èske nou
vle fè Seyè a fè jalouzi? Eske nou kwè nou gen plis fòs
pase li? 23 Nou gen dwa fè nenpòt bagay. Se sa yo di,
epi se vre. Men, tout bagay pa bon pou fèt. Nou gen dwa
fè tout bagay, men se pa tout bagay k'ap fè nou grandi
nan konfyans nan Bondye. 24 Piga pesonn chache sa ki
bon pou tèt pa l' ase. Se pou l' chache enterè lòt yo tou.
25 Nou lib manje tou sa yo vann nan mache vyann san
nou pa bezwen mande anyen. Konsa, konsyans nou p'ap
twouble. 26 Paske, jan sa ekri nan Liv la: Se pou Mèt la
tè a ye ansanm ak tou sa ki ladan l'. 27 Si yon moun ki
pa gen konfyans nan Kris la envite nou nan yon fèt, si
nou asepte ale, se pou n' manje tou sa yo mete devan
nou, san nou pa bezwen mande anyen. Konsa, konsyans
pesonn p'ap twouble. 28 Men, si yon moun di nou vyann
sa a se vyann bèt yo te ofri bay zidòl, lè sa a, pa goute
l' poutèt moun ki fè ou remak la, pou konsyans pesonn
pa boulvèse. 29 Mwen pa di sa pou konsyans pa nou
non, men pou konsyans lòt moun lan. Men, yon moun va
mande m': Ki jan konsyans yon lòt moun ka sèvi m' antrav
nan sa m' gen dwa fè? 30 Si mwen di Bondye mèsi pou
sa m'ap manje a, ki jan pou yo ta ka pale m' mal pou
yon manje konsa? 31 Se sak fè, kit n'ap manje, kit n'ap
bwè, nenpòt kisa n'ap fè, fè l' pou sa sèvi yon lwanj pou
Bondye. 32 Se pou nou viv yon jan pou nou pa bay ni
jwif yo, ni moun ki pa jwif yo, ni legliz Bondye a okazyon
tonbe nan peche. 33 Se pou nou fè tankou m': nan tou sa

m'ap fè, m'ap fè mwayen posib pou m' fè tout moun plezi;
mwen p'ap chache avantaj pa m', men avantaj tout moun,
pou tout moun ka sove.

11 Se pou nou swiv egzanp mwen, menm jan mwen
menm mwen swiv egzanp Kris la. **2** Mwen fè nou
konpliman pou jan nou toujou chonje m', pou jan nou
kenbe tout bagay mwen te moutre nou. **3** Men, mwen vle
nou konprann sa byen: Kris la se chèf tout gason, gason
se chèf fanm. Bondye se chèf Kris la. **4** Si yon gason kite
chapo l' nan tèt li lè l'ap lapriyè osinon lè l'ap bay yon
mesaj ki soti nan Bondye, li derespekte Kris la. **5** Men, si
yon fanm pa mete anyen sou tèt li lè l'ap lapriyè osinon lè
l'ap bay yon mesaj ki soti nan Bondye, li derespekte mari
li. Se tankou si se te yon fanm ki te gen tèt li kale. **6** Si
yon fanm pa kouvri tèt li, li ta mèt tou koupe cheve l' tou.
Enben, si se yon wont pou yon fanm koupe cheve l' ou
ankò pou l' kale tèt li, se pou l' kouvri tèt li tou. **7** Gason
an pa bezwen kouvri tèt li, paske se pòtre Bondye li ye.
Tankou nan yon glas, li fè wè bèl pouvwa Bondye a. Men,
fanm lan menm se pouvwa gason an li fè wè. **8** Paske, se
pa t' avèk moso nan kò yon fanm Bondye te kreye gason,
se avèk moso nan kò yon gason li te fè fanm. **9** Se pa
pou fanm lan Bondye te kreye gason an, men se pou
gason an Bondye te kreye fanm lan. **10** Se poutèt sa,
akòz zanj Bondye yo, fanm lan dwe pote yon mak sou tèt
li pou moutre li soumèt anba otorite mari li. **11** Men, nan
lavi n'ap mennen ansanm ak Seyè a, fanm bezwen sèvis
gason, gason bezwen sèvis fanm. **12** Paske, menm jan
se avèk moso kò yon gason Bondye te kreye fanm, konsa
tou se nan vant fanm gason soti. Men, tout bagay soti
nan Bondye. **13** Dapre nou, èske se lizay sa pou yon
fanm pa gen anyen sou tèt li lè l'ap lapriyè Bondye? **14**
Se pa natirèl pou yon gason gen cheve long. Sa se yon
wont. **15** Men, se bèl bagay pou yon fanm gen cheve
long. Bondye ba l' cheve long li yo pou sèvi l' tankou yon
vwal sou tèt li. **16** Si yon moun vle pouse diskisyon sa a
pi lwen, mwen menm se tou sa mwen gen pou m' di li: ni
nou menm, ni lòt legliz Bondye yo, nou pa gen lòt koutim
nou swiv lè nou nan sèvis. **17** Pou sa m'ap di nou koulye
a, mwen pa fè nou konpliman menm, paske lè nou reyini
nou fè tèt nou plis tò pase nou fè tèt nou byen. **18** Pou
kòmanse, mwen tande lè nou sanble pou sèvis la, nou
fè ti pil gwo pil. Mwen konnen sa pa fin manti nèt. **19**
(Ap toujou gen divizyon nan mitan nou pou yo ka rekonèt
moun ki kwè tout bon yo ak moun ki pa kwè yo.) **20** Lè
nou reyini ansanm, gen lè se pa manje Seyè a nou vin
manje. **21** Paske, lè nou chita bò tab la, chak moun ap
prese manje manje pa li. Lè konsa, yon pati rete grangou,
yon lòt menm gen tan sou sitèlman li bwè. **22** Mwen te
kwè nou gen lakay nou pou n' manje, pou n' bwè? Gen lè
se respè nou manke konsa pou legliz Bondye a? Osinon,
èske se wont nou vle fè moun ki pa gen anyen yo wont?
Kisa nou ta vle mwen di nou sou sa? Nou ta vle m' fè
nou konpliman? O non! Nou tou wè mwen pa kapab fè
nou konpliman pou sa! **23** Paske, men sa Seyè a te fè
m' konnen, se sa menm mwen te moutre nou tou: Jou
lannwit yo te trayi l' la, Seyè Jezi te pran pen, **24** lè li fin di
Bondye mèsi li kase l', epi li di: Sa a se kò m', se pou
nou li ye. Se pou nou fè sa pou nou ka chonje mwen. **25**
Konsa tou, apre yo fin manje, li pran gode diven an, li di
yo: Gode sa a se nouvo kontra Bondye fè avè nou nan
san mwen. Se pou nou fè sa chak fwa n'ap bwè ladan l'
pou nou ka chonje mwen. **26** Se konsa, chak fwa n'ap
manje pen sa a, chak fwa n'ap bwè nan gode sa a, se
lanmò Kris la n'ap anonse jouk jou Seyè a gen pou l' vini
an. **27** Se poutèt sa, si yon moun manje pen Seyè a,
osinon li bwè nan gode Seyè a yon jan ki pa konvenab,
moun sa a koupab, paske li peche ni kont kò Seyè a ni
kont san li an. **28** Se pou chak moun egzaminen tèt yo
byen anvan. Se konsa y'a mèt manje pen sa a, y'a mèt
bwè nan gode sa a. **29** Si yon moun manje pen sa a, si l'
bwè nan gode sa a san li pa rekonèt rapò pen an ansanm
ak diven an gen avèk kò Seyè a, se rale l'ap rale yon
jijman sou tèt li lè l'ap manje pen an ak lè l'ap bwè nan
gode a. **30** Se sak fè gen anpil moun malad konsa nan
mitan nou, anpil moun k'ap soufri feblès, san konte sa ki
mouri deja. **31** Si nou te egzaminen tèt nou byen anvan,
nou pa ta tonbe anba jijman Bondye a. **32** Men, Seyè a
jije nou, li peni nou konsa pou li sa pa kondannen nou
ansanm ak moun ki nan lemonn yo. **33** Se sak fè, frè m'
yo, lè nou reyini ansanm pou manje manje Seyè a, se pou
yonn tann lòt. **34** Si yon moun grangou, se pou l' manje
lakay li, pou l' pa rale jijman Bondye sou nou lè nou reyini.
Pou lòt keksyon yo, m'a regle sa lè m'a rive lakay nou.

12 Ann wè koulye a keksyon kado Sentespri bay la.
Frè m' yo, mwen ta vle nou konnen sa ki vre sou
keksyon kado sa yo. **2** Nou chonje, lè nou pa t' ankò gen
konfyans, nou te kite yo mennen nou jan yo vle devan
zidòl ki pa t' kapab pale. **3** Se poutèt sa mwen vle nou
konn sa byen: Si Sentespri Bondye ap dirije lavi yon
moun, li p'ap janm ka di: Madichon pou Jezi. Konsa tou,
si Sentespri Bondye p'ap dirije lavi yon moun, li p'ap ka
di Jezi se Seyè a. **4** Gen divès kalite don Sentespri a
bay. Men, se menm Lespri Bondye a ki bay tout. **5** Gen
divès jan moun ka sèvi Bondye, men se yon sèl Seyè a
n'ap sèvi. **6** Gen divès kalite travay nan sèvis la, men se
yon sèl Bondye ki bay chak moun travay pa yo nan tout
sèvis k'ap fèt. **7** Lespri Bondye a fè travay li yon jan nan
lavi chak moun, men li fè l' pou byen tout moun. **8** Lespri
a bay yon moun don pou l' pale avèk bon konprann.
Menm Lespri a bay yon lòt moun don pou l' pale avèk
anpil konesans. **9** Se menm Lespri a ki bay yon moun
lafwa, se li menm tou ki bay yon lòt don pou l' geri moun
malad. **10** Lespri a bay yon moun don pou fè mirak, li bay
yon lòt don pou l' bay mesaj ki soti nan Bondye. Li bay
yon lòt ankò don pou l' rekonèt travay move lespri yo ak
travay Lespri Bondye a. Li bay yon moun don pou l' ka
pale langaj, li bay yon lòt don pou l' ka esplike sa pawòl
langaj la vle di. **11** Men, se yon sèl Lespri a ki fè tou sa. Li
bay chak moun yon kado diferan jan li vle. **12** Konsa,

Kris la se tankou yon kò ki gen anpil manm. Kò a toujou
yon sèl kò, ou mèt wè li gen anpil manm. 13 Se sak fè,
nou menm, kit nou jwif, kit nou pa jwif, kit nou esklav, kit
nou pa esklav, nou tout nou te resevwa batèm pou n' te
ka fè yon sèl kò ansanm, pa pouvwa yon sèl Lespri a.
Nou tout nou te bwè nan yon sèl Lespri a. 14 Se pa yon
sèl manm ki fè yon kò. Se anpil manm ki fè yon kò. 15
Si pye te ka di: Paske se pa yon men mwen ye, mwen
p'ap fè pati kò a, se pa sa ki pou ta fè l' pa fè pati kò a
vre. 16 Si zòrèy te ka di: Paske se pa yon grenn je mwen
ye, mwen p'ap fè pati kò a, se pa sa ki pou ta fè l' pa fè
pati kò a vre. 17 Si tout kò a te yon grenn je, ki jan l' ta
ka tande? Si l' te yon zòrèy, ki jan l' ta ka pran sant? 18
Men, Bondye mete divès manm nan plas yo nan kò a,
jan l' vle. 19 Pa ta gen yon kò si tout te yon sèl kalite
manm. 20 Konsa, gen anpil manm, men gen yon sèl kò.
21 Nan kondisyon sa a, grenn je a pa ka di men an: Mwen
pa bezwen ou. Tèt la pa ka di pye yo: Mwen pa bezwen
nou. 22 Okontrè, manm ki parèt pi fèb nan kò nou, se yo
ki pi nesesè. 23 Manm nou pa bay gwo konsiderasyon
nan kò nou, nou pran swen yo plis pase lòt yo. Manm
ki pa konvenab pou nou pale sou yo an sosyete, se yo
menm ki resevwa yon swen apa. 24 Manm nan kò nou ki
pi prezantab, yo pa bezwen tou sa. Bondye ranje kò a
yon jan pou manm ki pa jwenn anpil konsiderasyon an
se li ki jwenn plis swen pase lòt yo. 25 Konsa, pa gen
divizyon nan kò a. Men tout manm yo yonn pran swen lòt
menm jan an. 26 Si yon manm nan kò a ap soufri, tout
lòt yo ap soufri avè l' tou. Si yon manm resevwa lwanj,
tout lòt yo kontan avèk li. 27 Nou tout, nou se kò Kris
la: nou chak se yon manm nan kò sa a. 28 Se konsa,
nou wè nan legliz la Bondye mete apòt yo an premye,
pwofèt yo an dezyèm, dirèktè yo an twazyèm. Apre sa,
nou jwenn moun k'ap fè mirak, moun ki gen don pou geri
moun malad, moun k'ap ede lòt, moun k'ap dirije, moun ki
gen don pou pale divès lang. 29 Men, tout moun pa apòt,
tout moun pa pwofèt, tout moun pa dirèktè, tout moun
pa gen don pou fè mirak. 30 Tout moun pa gen don pou
geri moun malad. Tout moun pa gen don pou pale langaj,
osinon pou esplike sans pawòl langaj la. 31 Nan fon kè
nou, se pou nou chache gen don ki pi enpòtan yo. Men,
mwen pral moutre nou yon jan ki bon nèt. Pa gen pase li.

13 Menm si mwen ta konn pale tout kalite lang moun
pale ansanm ak lang zanj yo pale, si m' pa gen
renmen nan kè m', bèl pawòl mwen yo pa pi plis pase yon
tanbou k'ap fè anpil bwi, pase yon klòch k'ap sonnen. 2
Menm si mwen ta gen don pou m' fè konnen mesaj ki soti
nan Bondye, menm si mwen ta gen tout kalite konesans,
menm si mwen ta konprann tout ti sekrè ki kache, menm
si mwen ta gen konfyans anpil nan Bondye pou m' fè mòn
yo chanje plas, si m' pa gen renmen nan kè m', mwen
pa anyen. 3 Menm si mwen ta bay tout byen mwen yo,
menm si mwen ta bay kò m' pou yo boule l', si m' pa gen
renmen nan kè m', sa p'ap sèvi m' anyen. 4 Moun ki gen
renmen nan kè li gen pasyans, li gen bon kè, li p'ap anvye
sò lòt moun. Li p'ap fè grandizè, li p'ap gonfle ak lògèy. 5
Moun ki gen renmen nan kè li p'ap fè anyen ki pou fè
moun wont, li p'ap chache avantaj pa l', li p'ap fè kòlè, li
p'ap kenbe moun nan kè. 6 Moun ki gen renmen nan
kè li p'ap pran plezi l' nan sa ki mal, li pran plezi l' nan
sa ki vre. 7 Moun ki gen renmen nan kè li sipòte tout
bagay: nan nenpòt ki sitiyasyon, li toujou gen konfyans
nan Bondye, li p'ap janm pèdi espwa, l'ap toujou moutre
jan li gen pasyans. 8 renmen pa janm fini. Pouvwa pou
bay mesaj ki soti nan men Bondye a pa la pou tout tan.
Pouvwa pou pale langaj gen pou fini yon lè, konesans
gen pou disparèt. 9 Paske, sa nou konnen, nou pa fin
konnen l' nèt. Ata mesaj ki soti nan Bondye yo, nou pa fin
bay yo nèt. 10 Men, lè sa ki bon nèt la va vini, sa ki poko
fin bon an gen pou l' disparèt. 11 Lè m' te timoun, mwen
te pale tankou timoun, mwen te konprann tankou timoun,
mwen te fè tèt mwen travay tankou timoun. Men, koulye a
mwen fin gran, mwen kite tou sa timoun te konn fè. 12
Konsa tou, sa nou wè koulye a, se tankou yon pòtre n'ap
gade yon jan twoub twoub nan yon glas. Men, pita nou
pral wè fasafas. Koulye a nou pa fin konn tout bagay.
Men, pita n'a konnen nèt ale menm jan Bondye konnen
nou an. 13 Koulye a se twa bagay sa yo ki toujou la: se
konfyans, se espwa, se renmen. Men, nan twa bagay sa
yo, se renmen ki pi gran.

14 Chache gen renmen nan kè nou. Men, se pou nou
chache gen kado Sentespri bay yo tou. Chache gen
don pou fè konnen mesaj ki soti nan Bondye yo. 2 Moun
k'ap pale langaj, se ak Bondye y'ap pale. Yo p'ap pale ak
moun. Pesonn pa ka konprann yo. Avèk pouvwa Sentespri
a, yo di yon bann verite ki rete kache pou tout moun. 3
Okontrè, moun k'ap bay mesaj ki soti nan Bondye, se ak
moun y'ap pale pou fè yo grandi nan konfyans yo nan
Bondye, pou ankouraje yo, pou konsole yo. 4 Moun k'ap
pale langaj, se konfyans pa l' ase l'ap bay fòs. Men, moun
k'ap bay mesaj ki soti nan Bondye yo, se konfyans tout
legliz la l'ap bay fòs. 5 Mwen dakò pou nou tout pale
langaj. Men, mwen ta pito wè n'ap bay mesaj ki soti nan
Bondye. Moun k'ap bay mesaj konsa, yo fè plis byen pou
legliz la pase moun k'ap pale langaj, esepte si gen yon lòt
moun ki ka esplike sa y'ap di a. Lè sa a, se tout legliz la
k'ap grandi nan konfyans tou. 6 M'ap mande nou kichòy,
frè m' yo: Si m' vin lakay nou, kisa pou sa fè pou nou si
m' pale langaj? Sa p'ap sèvi nou anyen. Men, si m' ban
nou yon revelasyon, yon konesans, yon mesaj ki soti nan
Bondye, osinon si mwen moutre nou kichòy, se sa k'ap
sèvi nou. 7 Annou considere bagay ki pa gen lavi nan
yo tankou enstriman mizik yo konsa. Ann pran yon fif,
osinon yon gita. Ki jan yon moun ka fè konnen ki moso
mizik k'ap jwe si son yo pa klè? 8 Si moun k'ap kònen
klewon an pa fè son yo soti klè, ki sòlda ki pral pare kò l'
pou li al goumen? 9 Konsa tou, ki moun ki pral konprann
sa w'ap di a si mesaj w'ap bay an langaj la pa klè? Se
pou van w'ap pale! 10 Moun pale divès kalite lang sou

latè, men pa gen yonn ki pa gen sans. **11** Men, si m' pa
konprann yon mo nan lang y'ap pale avè m' lan, moun
k'ap pale lang sa a, l'ap yon etranje pou mwen, mwen
menm tou m'ap yon etranje pou li. **12** Konsa tou pou nou.
N'ap chache gen kado ki soti nan Lespri Bondye a. Dakò.
Men, anvan tout bagay, sa pou n' chache an kantite a se
don ki pou ede legliz la grandi nan konfyans. **13** Se sak
fè, lè yon moun ap pale langaj, se pou l' mande Bondye
don pou l' ka esplike sans mo yo. **14** Lè m'ap lapriyè nan
langaj, se bonnanj mwen k'ap lapriyè, men lespri mwen
pa travay. **15** Kisa m' pral fè koulye a? Mwen pral lapriyè
avèk bonnanj mwen, men mwen pral lapriyè avèk lespri
mwen tou. Mwen pral chante avèk bonnanj mwen, men
mwen pral chante avèk lespri mwen tou. **16** Konsa tou, si
w'ap di Bondye mèsi nan langaj, ki jan pou moun k'ap
koute ou nan asanble a ka reponn "amèn" lè ou fin fè
lapriyè a, si li pa konprann sa w'ap di a? **17** Mwen dakò
avèk nou, nou te ka fè yon bèl lapriyè pou di Bondye
mèsi, men konfyans lòt moun yo pa pwofite. **18** Mwen di
Bondye mèsi dèske mwen pale langaj pase nou tout. **19**
Men, nan mitan legliz la, mwen pito di senk ti mo tout
moun ka konprann pou lòt yo ka grandi nan konfyans yo
tou pase pou m' di yon pakèt mo nan langaj. **20** Frè m' yo,
pa aji tankou timoun lè n'ap fè lespri nou travay. Nou mèt
aji an timoun annegad sa ki mal. Men, aji an granmoun lè
n'ap fè lespri nou travay. **21** Men sa ki ekri nan Liv lalwa
a: M'a pale avèk pèp la nan bouch moun lòt peyi, nan
bouch moun ki pale lòt lang. Men malgre sa, pèp mwen
an p'ap koute mwen. **22** Se Bondye menm ki di sa. Se
sak fè, lè yon moun gen don pou l' pale langaj, sa se yon
siy pou moun ki pa gen konfyans nan Kris la. Se pa yon
siy pou moun ki gen konfyans yo. Okontrè, lè yon moun
gen don pou l' bay mesaj ki soti nan Bondye, sa se yon
siy pou moun ki gen konfyans yo, men pa pou moun ki
pa gen konfyans nan Kris la. **23** Lè tout legliz la sanble,
sipoze tout moun ap pale langaj, si yon moun deyò osinon
yon moun ki pa kwè vin antre kote nou ye a, èske li p'ap
di se yon bann moun fou nou ye? **24** Men, si tout moun
ap bay mesaj ki soti nan Bondye, lè sa a yon moun ki pa
kwè, osinon yon moun deyò, si l' vin rive, sa la tande a va
fè l' wè aklè se nan peche l'ap viv. Tou sa l'ap tande a pral
jije li. **25** Tout lide li te gen kache nan kè l' ap parèt deyò.
Lè sa a, la bese tèt li, la adore Bondye, la di konsa: Wi,
se vre. Bondye nan mitan nou. **26** Pou fini, kisa m' vle
di menm, frè m' yo? Lè nou sanble pou sèvis Bondye a
yon moun va gen yon kantik pou l' chante, yon lòt va gen
kichòy pou l' moutre nou, yon lòt va gen yon revelasyon
pou l' bay, yon lòt ankò va gen yon mesaj an langaj, yon
lòt menm va bay esplikasyon mesaj la: Se pou tou sa k'ap
fèt ede legliz la grandi nan lafwa. **27** Si gen moun k'ap
pale langaj, fòk gen de ou twa pa plis, epi yonn apre lòt.
Se pou gen yon moun tou k'ap esplike sa y'ap di a. **28** Si
pa gen moun ki pou bay esplikasyon, se pou moun k'ap
pale langaj yo tou reziyen yo pe bouch yo nan asanble a.
Y'a pale pou kont yo nan kè yo ak Bondye. **29** Pou moun
k'ap bay mesaj ki soti nan Bondye yo, se de ou twa ase ki
pou pran lapawòl. Tout lòt yo va jije sa y'ap di a. **30** Men,
si yon moun nan asanble a resevwa yon revelasyon nan
men Bondye, se pou moun k'ap pale a pe bouch li. **31**
Nou tout kapab bay mesaj ki soti nan Bondye, yonn apre
lòt. Konsa, tout moun va aprann kichòy, tout moun va
ankouraje. **32** Moun k'ap bay mesaj ki soti nan Bondye
yo, se yo menm ki pou kontwole don yo genyen an. **33**
Paske, Bondye pa rele nou pou nou viv nan fè dezòd,
men li rele nou pou nou viv ak kè poze. Tankou sa fèt nan
tout legliz pèp Bondye a, **34** fanm pa fèt pou pale nan
asanble yo. Yo pa ba yo dwa sa a. Jan nou jwenn sa
ekri nan lalwa Bondye a: se pou yo soumèt yo. **35** Si yo
bezwen mande kichòy, y'a mande mari yo lè yo lakay
yo. Non. Sa pa fèt pou fanm yo pale nan asanble a. **36**
Eske se lakay nou pawòl Bondye a soti? Osinon, èske se
nou menm ase ki te resevwa li? **37** Si yon moun kwè se
Bondye ki voye l', osinon si li kwè li resevwa kèk don ki
soti nan Sentespri Bondye a, se pou l' rekonèt sa m' ekri
a se yon lòd ki soti nan Seyè a. **38** Men, si li pa rekonèt
sa, nou pa bezwen okipe l' ankò. **39** Konsa, frè m' yo,
anvan tout bagay, se pou nou chache don pou nou ka bay
mesaj ki soti nan Bondye. Pa anpeche moun pale langaj.
40 Men, tout bagay fèt pou fèt avèk respè, avèk disiplen.

15 Frè m' yo, mwen vle fè nou chonje bon nouvèl
mwen te anonse nou an, bon nouvèl nou te resevwa
a. Se ladan l' tou nou kanpe byen fèm. **2** Se li menm k'ap
delivre nou tou, depi nou kenbe l' jan mwen te anonse l'
ban nou an. Si se pa konsa, se ta pou gremesi nou ta
mete konfyans nou nan Bondye. **3** Bagay mwen te moutre
nou, se sa mwen menm mwen te resevwa. Se yo menm
ki pi konsekan. Men yo: Kris te mouri pou peche nou,
dapre sa ki ekri nan Liv la. **4** Yo te antere l', li te leve soti
vivan sou twa jou apre l' te fin mouri, jan sa te ekri nan Liv
la tou. **5** Li te fè Pyè wè li. Lèfini li te fè douz apòt yo wè l'
tou. **6** Apre sa, li te fè pou pi piti senksan (500) frè wè l'
anmenmtan. Gen ladan yo ki mouri deja, men pifò ladan
yo ap viv jouk koulye a toujou. **7** Yon lòt fwa li te parèt
ankò, li te fè Jak wè li. Apre sa, li te fè tout lòt apòt yo wè
l' ankò. **8** Apre tout moun sa yo, li te fè m' wè l' tou, mwen
menm ki tou sanble yon pitit ki fèt anvan tèm. **9** Se mwen
menm ki pi piti nan apòt yo. Mwen pa menm merite pou
yo ta rele m' apòt, pou jan m' te pèsekite legliz Bondye a.
10 Se favè Bondye fè m' lan ki fè m' sa m' ye a. Men, li pa
t' gaspiye favè l' lè li te fè sa pou mwen. Okontrè, mwen
travay pase tout lòt apòt yo. Men, pou di vre, se pa mwen
menm ki fè travay sa yo, se favè Bondye fè m' lan ki fè sa
konsa. **11** Se sak fè, kit se mwen, kit se lòt apòt yo, sa m'
sot di a, se sa nou tout n'ap fè moun konnen, se pa nan
lòt bagay nou te kwè. **12** Men sa n'ap fè nou konnen an:
Kris la te leve soti vivan nan lanmò. Bon. Kouman fè gen
lòt moun nan mitan nou k'ap di moun mouri yo p'ap leve
ankò? **13** Si moun mouri yo p'ap leve ankò, Kris la tou pa
te leve soti vivan nan lanmò. **14** Si Kris la pa te leve soti
vivan nan lanmò, mwen menm mwen pa ta gen anyen

pou m' anonse nou, epi nou menm, nou pa ta gen anyen
pou nou kwè. 15 Sa ki pi rèd ankò, yo ta mèt di n'ap fè
manti sou Bondye lè nou di Bondye te fè Kris la leve soti
vivan nan lanmò. Paske sa pa ta vre, si moun mouri pa
leve. 16 Si moun mouri pa ka leve, Kris la tou pa te leve
soti vivan nan lanmò. 17 Si Kris la pa te leve soti vivan
nan lanmò, sa nou te kwè a pa ta vo anyen, paske nou ta
toujou ap viv nan peche nou yo. 18 Konsa tou, tout moun
sa yo ki te kwè nan Kris la epi ki mouri deja, yo tout se
moun ki pèdi nèt tou. 19 Si espwa nou gen nan Kris la se
sèlman pou lavi sa a li bon, nou se moun ki pi malere ki ta
gen sou latè. 20 Men, se pa konsa bagay la ye. Okontrè.
Kris la te leve soti vivan nan lanmò. Konsa li bay garanti
tout moun ki mouri gen pou leve vivan ankò. 21 Paske
menm jan se yon sèl moun ki fè lanmò antre sou latè,
menm jan an tou se yon sèl moun ki fè moun ki mouri yo
kapab leve vivan ankò. 22 Menm jan tout moun gen pou
mouri paske yo fè yonn ak Adan, konsa tou, tout moun ki
fè yonn ak Kris la ap gen lavi ankò. 23 Men, chak moun
va leve soti nan lanmò nan tan pa yo: Kris la an premye
anvan tout moun, apre sa, moun ki pou Kris la, se va tou
pa yo pou yo leve soti vivan lè Kris la va tounen ankò. 24
Apre sa, se va lafen. Lè sa a, Kris la menm pral kraze tout
chèf, tout otorite ak tout pouvwa. Lè l' fini, l'ap renmèt
gouvènman peyi kote li wa a nan men Bondye Papa a. 25
Paske Kris la gen pou l' gouvènen tankou yon wa jouk lè
Bondye va fin genyen batay la nèt sou tout lènmi l' yo,
pou l' mete yo anba pye li. 26 Nan tout lènmi l' yo, se
lanmò k'ap kraze an dènye. 27 Se sa ki ekri nan Liv la:
Bondye mete tout bagay anba pye li. Men, lè yo di: tout
bagay, nou tou konprann Bondye pa ladan l', paske se li
menm k'ap mete tout bagay sou lòd Kris la. 28 Apre tout
bagay va vin sou lòd Kris la, li menm, Pitit la, li va soumèt
tèt li devan Bondye ki va mete tout bagay anba pye li.
Konsa, Bondye li menm va donminen nèt sou tout bagay.
29 Koulye a ann konsidere moun ki resevwa batèm pou
moun ki mouri deja yo: Dèyè kisa yo te ye menm lè yo
te fè sa? Si se vre moun mouri pa janm leve jan yo di
a, poukisa pou yo te resevwa batèm pou moun ki mouri
deja yo? 30 Epi mwen menm atò, poukisa tout tan m'ap
riske lavi mwen konsa? 31 Frè m' yo, se chak jou m'ap
manke mouri. Si m' di nou sa, se paske nou fè mwen
kontan anpil jan nou viv ansanm nan Jezikri, Seyè nou
an. 32 Si se te pou rezon lèzòm mete nan tèt yo mwen te
goumen yon jan tankou ak bèt fewòs isit nan lavil Efèz la,
ki avantaj mwen jwenn nan sa? Yon fwa moun ki mouri
p'ap janm leve vivan ankò, ann fè tankou pwovèb la di:
Ann manje, ann bwè, paske denmen n'ap mouri. 33 Piga
nou twonpe tèt nou: move zanmi gate bon levasyon. 34
Reprann bon sans nou. Sispann fè peche. M'ap di nou sa
pou m' fè nou manyè wont, paske gen anpil nan nou ki pa
konn Bondye menm. 35 Men, yon moun va mande m':
Ki jan moun ki mouri yo pral leve soti vivan nan lanmò?
Ki kalite kò yo va genyen? 36 Ou pa konprann anyen,
monchè! Lè ou simen yon grenn nan tè, li pa ka leve si l'
pa mouri anvan. 37 Sa ou simen an, se yon grenn li ye,
se ka yon grenn mayi, se ka yon lòt kalite grenn. Ou pa
janm plante plant lan menm. 38 Bondye fè chak grenn
pouse jan li vle. Li bay chak plant fòm ki ale ak yo. 39
Tout vyann pa menm vyann. Moun gen yon kalite vyann,
bèt kat pa t' gen yon lòt kalite vyann, zwazo gen yon lòt
kalite vyann, pwason yo gen yon lòt kalite vyann ankò. 40
Konsa tou, gen kò ki fèt pou syèl la, gen kò ki fèt pou tè a.
Men, yo chak bèl nan jan pa yo: Kò ki fèt pou syèl la gen
yon bèlte ki pa menm ak bèlte kò ki fèt pou tè a. 41 Limyè
solèy la gen bèlte pa l', lalin lan gen bèlte pa l', zetwal yo
gen bèlte pa yo tou. Menm nan zetwal yo, yo chak gen
bèlte pa yo. 42 Se menm jan an sa pral ye lè moun ki
mouri yo va leve soti vivan nan lanmò. Lè yo te antere kò
a, se te yon kò ki te kapab pouri. Men, lè kò a va leve soti
vivan nan lanmò, l'ap yon kò ki p'ap kapab pouri. 43 Lè yo
te antere l', li te yon kò tou lèd, tou fèb. Men, lè li va leve
vivan ankò, l'ap bèl, l'ap gen fòs. 44 Lè yo te antere l', li te
yon kò ki fèt ak labou. Men, lè la leve vivan, l'ap tounen
yon kò ki sòti nan Lespri. Si gen yon kò ki fèt ak labou, fòk
gen yon kò ki soti nan Lespri tou. 45 Se nan sans sa a yo
te ekri: Bondye te kreye premye nonm lan, Adan, ak yon
kò ki gen lavi. Men, dènye Adan an, se yon lespri ki bay
lavi. 46 Se pa kò ki soti nan Lespri a ki te vin an premye.
Se kò ki fèt ak labou a ki te la anvan, kò ki soti nan Lespri
a vin apre. 47 Premye Adan an, Bondye te fè l' ak pousyè
tè. Men, dezyèm Adan an, li menm se nan syèl li soti. 48
Tout moun ki pou latè, yo sanble ak moun ki te fèt ak tè a.
Tout moun ki pou syèl la, yo sanble ak moun ki soti nan
syèl la. 49 Menm jan nou te sanble ak moun ki te fèt ak tè
a, konsa tou nou gen pou n' sanble ak moun ki soti nan
syèl la. 50 Men sa mwen vle di, frè m' yo: Tou sa ki fèt
ak vyann epi ak san pa gen plas pou yo nan Peyi kote
Bondye wa a. Sa ki fèt pou pouri a pa ka resevwa pouvwa
pou l' pa janm pouri. 51 M'ap devwale nou yon sekrè: Se
pa nou tout k'ap gen tan mouri. Men, nou tout nou gen
pou n' chanje fòm nan yon ti kadè, 52 anvan nou bat je
nou, lè dènye kout klewon an va kònen. Paske, lè klewon
an va kònen, moun ki te mouri deja yo va leve soti vivan
pou yo pa janm mouri ankò. Apre sa, nou tout nou va
chanje fòm. 53 Paske, moun ki gen kò ki fèt pou pouri a,
yo gen pou yo resevwa yon lòt kò ki p'ap ka pouri. Moun
ki gen kò k'ap mouri a, yo gen pou yo resevwa yon lòt
kò ki p'ap janm mouri. 54 Lè moun ki gen kò ki fèt pou
pouri a va resevwa kò ki p'ap ka pouri ankò a, lè moun ki
gen kò k'ap mouri a va resevwa kò ki pa ka mouri a, lè
sa a, pawòl ki ekri nan Liv la va rive vre: Pa gen lanmò
ankò, nou genyen batay la nèt. 55 Lanmò! Kote batay ou
genyen an? Lanmò! Kote pouvwa ou te gen pou fè nou
lapenn lan? (Hadēs g86) 56 Se peche ki bay lanmò pouvwa
pou fè nou lapenn. Se lalwa a ki bay peche a tout fòs li.
57 Men, ann di Bondye mèsi, li menm ki fè nou genyen
batay la sou lanmò gremesi Jezikri, Seyè nou an! 58
Konsa, frè m' yo, kenbe fèm, pa brannen. Se pou n' toujou

pi cho nan travay Seyè a, paske nou konnen travay n'ap
fè pandan n'ap viv ansanm ak Seyè a p'ap janm pèdi.

16 Kanta lajan nou t'ap ranmase pou ede pèp Bondye
ki lavil Jerizalèm lan, se pou nou fè tankou mwen te
di legliz nan peyi Galasi yo fè. **2** Chak premye jou nan
senmenn lan, se pou chak moun mete yon ti lajan apa
dapre sa yo te fè. Y'a sere l' lakay yo. Konsa, nou p'ap
bezwen tann se lè m' rive lakay nou pou n'ap chache
lajan an. **3** Lè m' ava rive, n'a chwazi kèk moun pou m'
voye pote kado nou fè a ale lavil Jerizalèm ak yon lèt
rekòmandasyon. **4** Si sa merite pou m' ale tou, y'a fè
vwayaj la ansanm avè mwen. **5** M'a vin lakay nou lè m'a
fin pase nan peyi Masedwan. Paske, fòk mwen pase la
anvan. **6** Mwen ka rete pase kèk jou lakay nou. Mwen ka
menm pase tout sezon fredi a avè nou. Apre sa, n'a ka
ede m' ale kote m'a gen pou mwen ale a. **7** Fwa sa a,
mwen pa vle wè nou anpasan konsa. Mwen ta renmen
rete pase kèk tan ak nou, si Bondye vle. **8** Men, mwen
fè lide rete isit nan lavil Efèz jouk pou fèt Lapannkòt. **9**
Paske nan lavil sa a, mwen jwenn yon bon okazyon pou
m' fè travay mwen, atout gen anpil moun ki pa vle wè
mwen. **10** Si Timote rive bò kote nou ye a, n'a fè yon
jan pou l' santi l' lakay li nan mitan nou, paske se menm
jan avè mwen li travay pou Seyè a. **11** Pa kite pesonn
meprize li. Se pou nou ede l' pou li ka kontinye vwayaj li
ak kè poze, pou l' ka tounen vin jwenn mwen. Paske,
n'ap tann li ak frè yo. **12** Kanta frè Apolòs, mwen pa t'
manke ankouraje l' pou l' te vin lakay nou. Men, sanble
lide li pa sou sa koulye a. Enben, la fè vwayaj la lè la
kapab. **13** Pa bliye kò nou. Kenbe fèm nan konfyans nou.
Mete kouraj sou nou. Pa moutre nou fèb. **14** Se pou
nou fè tout bagay avèk renmen nan kè nou. **15** Frè m'
yo, nou konnen Estefanas ak tout fanmi li. Nou konnen
se yo menm premye moun nan peyi Lakayi ki te mete
konfyans yo nan Kris la. Tout moun nan fanmi an te ofri
tèt yo pou sèvi pèp Bondye a. **16** Enben, moun konsa
ansanm ak moun nou wè k'ap travay ak yo epi k'ap sèvi
ak yo, nou mèt kite yo mennen nou. **17** Mwen pa manke
kontan pou Estefanas, Fòtenatis, Akaykis ki vin wè mwen.
Yo fè m' santi se tankou si se nou menm menm ki te la
avèk mwen. **18** Yo remoute kouraj mwen, menm jan yo te
remoute kouraj nou. Moun konsa, se pou nou konnen ki
jan pou nou konsidere yo. **19** Legliz ki nan peyi Lazi yo
voye bonjou pou nou. Akilas ak Prisil ansanm ak legliz
ki reyini lakay yo a voye yon pakèt bonjou pou nou nan
Seyè a. **20** Tout frè ki isit yo voye bonjou pou nou tou.
Nou menm, bò pa nou, yonn di lòt bonjou pou mwen,
yonn bo lòt tankou moun k'ap viv pou Bondye. **21** M'ap
ekri nou sa ak men pa m': Pòl voye bonjou pou nou tout.
22 Si yon moun pa renmen Seyè a, madichon pou li. Seyè
nou, vini non! **23** Se pou benediksyon Jezi Seyè a toujou
la avè nou. **24** Mwen renmen nou tout nan Jezikri.

2 Korint

1 Mwen menm Pòl, yon moun Bondye menm te deside
rele pou sèvi apòt Jezikri, ansanm ak frè nou Timote,
m'ap ekri nou tout ki nan legliz Bondye a nan lavil Korent
ansanm ak tout pèp Bondye a ki nan tout peyi Lakayi. **2**
Nou mande Bondye, papa nou, ansanm ak Jezikri, Seyè
nou an, pou yo ban nou benediksyon ak kè poze. **3**
Ann fè lwanj Bondye ki papa Jezikri, Seyè nou an, Papa
ki gen kè sansib la, Bondye ki toujou la pou ban nou
ankourajman an. **4** Li ankouraje nou nan tout lapenn nou,
konsa nou menm tou nou ka ankouraje moun ki nan tout
kalite lapenn lè n'a ba yo menm ankourajman nou te
resevwa nan men li an. **5** Menm jan nou soufri ak Kris la
nan tout soufrans li yo, konsa tou, gremesi Kris la, nou
resevwa yon gwo ankourajman. **6** Si mwen menm mwen
nan lapenn, se pou nou menm, moun Korent yo, nou ka
resevwa ankourajman pou nou ka delivre. Si mwen menm
mwen resevwa ankourajman, se pou nou menm nou ka
ankouraje, pou nou ka resevwa fòs kouraj pou sipòte avèk
pasyans soufrans mwen menm m'ap sipòte a. **7** Se konsa,
mwen gen fèm espwa sa a pou nou, moun Korent, paske
mwen konn sa byen, menm jan nou soufri ansanm avè m'
nan tout lapenn mwen yo, konsa tou n'a resevwa pa nou
nan ankourajman Bondye ap ban mwen an. **8** Mwen ta
renmen, frè m' yo, nou konnen anba ki kalite soufrans
mwen te ye nan pwovens Lazi a. Sa te rèd nèt. Mwen pa
t' kapab sipòte ankò. Mwen te menm kwè mwen pa t'ap
soti vivan. **9** Mwen te santi yo te dèyè pou yo te touye
mwen. Tou sa rive m' pou m' te aprann pa mete konfyans
mwen sou fòs kouraj pa mwen, men pou m' te ka mete
tout konfyans mwen nan Bondye ki fè moun mouri leve.
10 Se li menm ki delivre m' anba tout gwo danje lanmò sa
yo. Se li menm k'ap toujou la pou delivre m'. Wi, mwen
gen espwa l'ap toujou delivre mwen, **11** depi nou menm
moun Korent nou ban m' ankourajman, nou lapriyè pou
mwen. Se konsa Bondye va tande tout lapriyè sa yo n'ap
fè pou mwen, la ban mwen benediksyon l', anpil moun va
di l' mèsi pou mwen. **12** Men rezon ki fè m' kontan ak
tèt mwen anpil konsa: Konsyans mwen pa repwoche m'
anyen pou jan m' te mennen tèt mwen byen nan mitan
tout moun, ak kè ouvè, san ipokrizi, sitou nan mitan nou
menm, moun Korent, jan Bondye vle l' la. Paske, sa se
travay favè Bondye a, se pa t' bon konprann lèzòm ki t'ap
dirije mwen. **13** Nan tout lèt mwen ekri, mwen pa janm di
lòt bagay pase sa nou ka li ak sa nou ka konprann. Mwen
gen espwa nou ka rive konprann nèt **14** sa nou poko fin
konprann koulye a: konsa, lè jou Seyè Jezi a va rive, nou
ka kontan m' anpil, menm jan mwen menm m'a kontan
nou tou. **15** Mwen te sitèlman gen konfyans sou pwen sa
a, mwen te kòmanse fè lide ale lakay nou pou nou te
ka resevwa benediksyon Bondye a de fwa. **16** Men wi,
mwen te fè lide pase lakay nou sou wout mwen lè mwen
t'aprale Masedwan, epi pou nou te resevwa m' ankò lè
m'ap tounen soti la. Nou ta ka ede m' lè sa a kontinye
vwayaj mwen pou peyi Jide. **17** Lè m' te fè lide sa a, èske
mwen te twò prese? Lè m'ap pran yon desizyon, èske
se avantaj pa m' m'ap chache tankou tout moun kifè m'
ta gen de pawòl? **18** Mwen pran Bondye ki gen yon sèl
pawòl la pou temwen, pwomès mwen te fè nou an, se pa
t' yon wi ak yon non anmenmtan. **19** Paske, mwen menm,
Silas ak Timote, nou pa t' anonse nou Jezikri, Pitit Bondye
a, tankou yon moun ki gen de pawòl. Okontrè, se wi ase
Jezikri di pou Bondye. **20** Paske se li menm ki fè nou
wè tout pwomès Bondye yo se verite. Se poutèt sa tou,
gremesi Jezikri, nou ka di amèn lè n'ap fè lwanj Bondye.
21 Se Bondye menm ki kenbe m' fèm, ansanm ak nou
tout, nan lavi n'ap mennen nan Kris la. Se li menm ki mete
nou apa pou li, **22** li menm ki make nou ak letanp li, ki
mete Sentespri nan kè nou tankou yon garanti pou tou sa
li sere pou nou. **23** Mwen pran Bondye pou temwen sou
lavi m': se pou m' te ka menaje nou kifè mwen chanje lide,
mwen pa rive Korent. **24** Mwen p'ap chache fòse nou kwè
anyen, paske nou deja kanpe fèm nan lafwa. Men, mwen
ta renmen travay ansanm ak nou pou fè kè nou kontan.

2 Se konsa, mwen pran desizyon pou m' pa vin lakay
nou pou m' pa fè nou lapenn ankò. **2** Si pou m' ta
fè nou lapenn, ki moun ki pou ta fè kè m' kontan ankò?
Eske se ta moun mwen ta fè lapenn yo? **3** Se poutèt sa,
mwen ekri nou jan m' te fè l' la: mwen pa t' vle pou lè m'
rive lakay nou, moun ki pou ta fè kè m' kontan yo, se
yo menm ki pou ta fè m' lapenn. Paske, mwen gen fèm
konviksyon sa a, lè m' kontan, nou tout nou kontan tou. **4**
Wi. Lè sa a, kè m' te boulvèse anpil, kè m' te sere, se ak
dlo nan je mwen te ekri nou. Mwen pa t' fè sa pou fè nou
lapenn non. Se vle mwen te vle fè nou konnen jan m'
renmen nou anpil. **5** Si yon moun fè yon lòt lapenn, se
pa mwen li fè lapenn, men se nou tout, moun Korent, li
fè lapenn. Pou m' pa al twò lwen, pito m' di se kèk nan
nou li fè lapenn. **6** Pifò nan nou gen tan peni nonm sa a,
se kont li. **7** Koulye a se pou nou padonnen l', se pou
nou ba li ankourajman pito, pou yon twò gwo lapenn pa
kraze l' nèt. **8** Se poutèt sa, m'ap mande nou pou nou
aji avè l' yon jan pou fè l' wè jan nou renmen li. **9** Se
pou sa menm mwen te ekri nou: mwen te vle sonde nou
pou m' te konnen si nou toujou soti pou nou koute tou sa
m' di nou. **10** Enben, lè nou menm nou padonnen yon
moun pou mal li fè a, mwen menm tou mwen padonnen li.
Lè mwen menm mwen padonnen li, pou di vre, mwen
pa gen anyen pou m' padonnen non, men, lè m' fè sa,
mwen fè l' pou nou devan Kris la, **11** pou pa bay Satan
okenn avantaj sou nou. Paske nou konnen byen pwòp sa
Satan gen nan tèt li. **12** Lè mwen te lavil Twoas pou m' te
anonse Bon Nouvèl ki pale sou Kris la, Seyè a te ban
m' yon bèl okazyon pou m' te travay la. **13** Men, kè m'
te sere anpil, paske mwen pa t' jwenn Tit, frè nou an.
Se poutèt sa mwen di moun Twoas yo orevwa, epi m'
pati pou Masedwan. **14** Ann di Bondye mèsi! Paske l'ap
toujou mennen nou ansanm ak Kris la pou fete batay li
genyen an. Li pran nou, li sèvi ak nou tankou yon odè

k'ap gaye bon sant li toupatou, pou n' ka fè tout moun
konnen Kris la. 15 Nou tankou yon bon lansan Kris la ap
boule pou Bondye. Sant li rive nan men tout moun, kit
y'ap sove, kit y'ap peri. 16 Pou moun k'ap peri yo, se yon
sant lanmò k'ap touye yo. Men, pou moun k'ap sove yo,
se yon sant lavi k'ap ba yo lavi. Ki moun ki kapab fè yon
travay konsa? 17 Nou pa tankou anpil moun k'ap defòme
pawòl Bondye a. Okontrè, nou pale pawòl la jan li ye a
devan Bondye, tankou moun k'ap viv nan Kris la, paske
se Bondye menm ki voye nou.

3 Eske sa vle di m'ap kòmanse fè lwanj tèt mwen ankò?
Osinon, èske mwen ta bezwen yon lèt rekòmandasyon
pou nou tankou kèk lòt ki pòte lèt rekòmandasyon ban
nou? Ou ankò èske se pou m' ta mande nou pòte yon
lèt konsa ban mwen? 2 Se nou menm, moun Korent,
ki lèt rekòmandasyon mwen, yon lèt ki ekri nan kè m'
pou tout moun ki konn li ka li li. 3 Wi, se bagay ki klè,
nou menm moun Korent, nou se yon lèt Kris la menm te
ekri ban m' pote. Li pa t' ekri l' ak lank, sou moso wòch
plat, men sou kè moun ak Lespri Bondye ki vivan an. 4
M'ap di nou tou sa, paske, gremesi Jezikri, mwen gen
konfyans nan Bondye. 5 Konprann byen, mwen pa t' janm
gen pretansyon pou m' ta kapab fè bagay konsa ak pwòp
kouraj mwen. Sa mwen fè a, se Bondye ki fè m' ka fè li. 6
Se li menm ki fè m' ka sèvi anba nouvo kontra a. Kontra
sa a pa t' fèt dapre lalwa ki ekri a, men dapre pouvwa
Lespri Bondye a. Lalwa ki ekri a bay lanmò, men Lespri
Bondye a bay lavi. 7 Yo te make lalwa a lèt pa lèt sou de
moso wòch plat. Pouvwa Bondye a te parèt aklè lè li t'ap
bay li. Lè sa a, figi Moyiz te sitèlman klere, moun pèp
Izrayèl yo pa t' ka fiske je yo sou li. Men, figi Moyiz la
pa t'ap rete klere tout tan. Si travay lalwa a, ki te la pou
bay lanmò, te parèt konsa, 8 nou pa bezwen mande si
pouvwa ki pou parèt lè Lespri Bondye a ap travay p'ap pi
gwo toujou. 9 Travay ki t'ap fè yo kondannen moun lan
te gen pouvwa, se vre! Nou pa bezwen mande ki kalite
pouvwa ki dwe genyen nan travay k'ap fèt pou Bondye fè
moun gras. 10 Nou ka menm di pouvwa ki te parèt aklè
nan tan lontan an pa anyen devan pouvwa k'ap parèt
aklè koulye a, sitèlman li depase l' anpil. 11 Si sa ki te la
pou yon tan an te gen pouvwa, nou pa bezwen mande ki
pouvwa sa ki la pou tout tan an genyen. 12 Se paske
mwen gen tout espwa sa a kifè kè m' poze konsa. 13
Mwen pa tankou Moyiz: klate ki te nan figi l' la te la pou
yon tan. Se sa ki fè Moyiz te kouri kouvri tout figi l' ak yon
moso twal pou moun pèp Izrayèl yo pa t' wè lè klate a
disparèt. 14 Men, yo pa t' ka konprann anyen. Jouk koulye
a, lè y'ap li liv ansyen kontra yo, vwal la toujou la sou
lespri yo. Lè yon moun mete konfyans yo nan Kris la, se
lè sa a vwal la disparèt. 15 Jòdi a ankò, chak fwa y'ap li liv
Moyiz yo, vwal la kouvri lespri yo. 16 Men, tankou sa ekri
nan liv la: Lè yon moun tounen vin jwenn Seyè a, vwal
la soti. 17 Kilès Seyè y'ap pale la a? Se Lespri Bondye
a. Kote Lespri Bondye a ye, la gen libète. 18 Nou tout,
nou pa kouvri figi nou; nou tankou yon glas k'ap fè moun
wè pouvwa Bondye a: konsa chak jou n'ap transfòme,
pouvwa li ap grandi nan nou, jouk tan n'a rive sanble nèt
ak Seyè a. Sa se travay Seyè a. Lespri Bondye.

4 Konsa, se Bondye menm, nan kè sansib li gen pou
mwen an, ki te renmèt mwen travay sa a pou m' fè.
Se poutèt sa, mwen pa janm pèdi kouraj. 2 Mwen voye
tout bagay lèd lèzòm ap fè an kachèt yo jete. Mwen pa
fè okenn riz. Mwen pa chanje anyen nan pawòl Bondye
a. Okontrè, mwen fè tout moun konnen verite a jan l'
ye a. Se konsa bagay sa yo rekòmande mwen devan
Bondye bay tout moun ki gen konsyans. 3 Si malgre sa,
bon nouvèl m'ap anonse a pa klè toujou, li pa klè pou
moun k'ap peri yo. 4 Yo pa kwè paske sa yo pran pou
Bondye nan lemonn lan bouche lespri yo. Li enpoze yo
wè limyè bon nouvèl la. Se bon nouvèl sa a ki fè nou
konnen pouvwa Kris la, li menm ki pòtre Bondye. (aiōn
g165) 5 Konprann sa byen, se pa tèt pa m' m'ap fè nou
konnen: men se Jezikri, Seyè a, m'ap fè nou konnen.
Mwen menm mwen di nou se sèvi m'ap sèvi nou poutèt
Jezi. 6 Bondye ki te di: Mwen vle pou limyè a klere nan
mitan fènwa a, se li menm tou ki fè limyè li a klere nan kè
nou pou li fè nou konnen pouvwa li ki yon limyè ki klere
byen bèl nan figi Kris la. 7 Men, nou tout k'ap pote richès
Bondye sa a nan kè nou, nou tankou veso ki fèt an tè.
Tou sa se pou tout moun ka wè kokenn chenn pouvwa sa
a pa soti nan nou, men se nan Bondye li soti. 8 Mwen
jwenn tout kalite fikilte; men, mwen pa janm kwense nèt.
Mwen konn rive nan sitiyasyon mwen pa konn ni sa pou
m' fè, ni sa pou m' di. Men, mwen pa janm pèdi espwa. 9
Yo pèsekite m', men Bondye pa janm lage mwen. Mwen
pran gwo so, men mwen pa rete atè a. 10 Se konsa,
kote m' pase mwen pote soufrans lanmò Jezi a nan kò
mwen, pou tout moun ka wè pouvwa lavi Jezi a ap travay
nan kò m' tou. 11 Nan lavi m', se tout tan m'ap pase
toupre lanmò poutèt Jezi, pou pouvwa lavi Jezi a ka parèt
aklè nan kò mwen ki la pou mouri. 12 Konsa, lanmò ap
travay nan mwen, men se lavi k'ap travay nan nou menm
moun Korent. 13 Men sa ki ekri nan Liv la: Mwen te gen
konfyans, se poutèt sa mwen te pale. Mwen menm tou,
mwen gen menm konfyans sa a, se poutèt sa m'ap pale.
14 Mwen konnen Bondye ki te fè Seyè Jezi leve soti vivan
nan lanmò a, li gen pou l' fè m' tounen vivan ankò ansanm
ak Jezi, li gen pou l' fè m' parèt ansanm ak nou devan li.
15 Se poutèt nou menm, moun Korent, kifè tout bagay sa
yo rive, paske fòk gen plis moun toujou k'ap resevwa favè
Bondye a pou sa gen plis moun tou k'ap lapriyè pou di
Bondye mèsi pou pouvwa li. 16 Se sak fè mwen pa janm
dekouraje. Menm si kò m' ap bese chak jou, lespri m' ap
vin pi fèm chak jou tou. 17 Sa m'ap sibi koulye a, se yon ti
soufrans ki la pou pase. Men, soufrans sa a ap pare pou
mwen yon bèl pouvwa k'ap la pou tout tan, pouvwa ki
depase ti soufrans sa a anpil. (aiōnios g166) 18 Paske,
mwen p'ap konsidere bagay moun wè, men bagay moun

pa wè. Sa moun wè, se bagay ki pa la pou lontan, men sa
moun pa wè, se bagay ki la pou tout tan. **(aiōnios g166)**

5 Wi, nou konnen lè kò nou gen sou latè a va demoli
tankou yon kay, Bondye sere yon lòt kay nan syèl la,
yon kay byen solid k'ap la pou tout tan. Se li menm menm
k'ap bati kay sa a pou nou. **(aiōnios g166)** **2** Koulye a m'ap
plenn anpil, sitèlman m' anvi antre nan kay mwen gen
nan syèl la. **3** Konsa, lè m'a antre ladan l', yo p'ap jwenn
mwen toutouni. **4** Wi, toutotan m'ap viv nan kò mwen gen
sou latè a, m'ap plenn tankou moun ki anba yon chay. Sa
pa vle di mwen ta renmen wete kò sa a sou mwen. Men,
mwen ta renmen pito mete kò mwen gen nan syèl la sou
mwen. Se konsa, tou sa ki gen pou mouri nan nou pral
disparèt nan lavi. **5** Se Bondye menm ki pare nou pou
chanjman sa a. Li ban nou Sentespri l' tankou yon garanti
pou tout byen li sere pou nou yo. **6** Se pou sa, nou toujou
gen gwo kouraj. Nou konnen toutotan nou nan kò sa a
nou lwen Seyè a toujou. **7** Si n'ap mache, se pa paske
nou wè tout bagay klè, men se paske nou gen konfyans
nan Kris la. **8** Nou gen gwo kouraj epi nou ta pito kite
kò sa a pou n' al rete toupre Seyè a. **9** Men, anvan tout
bagay, nou vle fè Seyè a plezi, kit nou nan kò sa a, kit nou
kite li. **10** Paske, nou tout nou gen pou n' konparèt devan
Kris la pou li ka jije nou. Lè sa a, chak moun va resevwa
sa ki pou li dapre byen osinon dapre mal li te fè antan l' te
nan kò sa a. **11** Mwen konnen sa ki rele gen krentif pou
Bondye, se poutèt sa m'ap chache mennen lèzòm vin
kwè nan sa m'ap di. Bondye pou tèt pa l' gen tan konnen
m' nèt. Mwen ta swete nou menm nan fon kè nou, nou
konnen m' tou. **12** Pa mete nan lide nou mwen vin pale
nou byen sou tèt mwen ankò. Men, mwen ta renmen ban
nou okazyon pou nou kontan m' anpil, pou nou ka jwenn
repons pou nou bay moun ki pa gen bon kalite nan kè
yo tout bon, men k'ap fè grandizè pou bagay ki gen bèl
aparans. **13** Si jan yo di l' la mwen fou, se pou Bondye
mwen fou. Men, si mwen gen tout bon sans mwen, se
pou nou menm, moun Korent, mwen konsa. **14** Paske, se
kalite renmen Kris la gen pou nou an k'ap dirije m': mwen
gen konviksyon sa a, si yon sèl moun te mouri pou tout
lòt yo, sa vle di tout lòt yo mouri ansanm avè li. **15** Li
mouri pou tout moun. Konsa, moun k'ap viv yo p'ap viv
pou tèt pa yo ankò, men y'ap viv pou moun ki te mouri epi
ki te leve soti vivan nan lanmò pou yo a. **16** Se poutèt sa,
depi koulye a, mwen pa konsidere pesonn sou laparans,
tankou lèzòm fè l' la. Si yon lè mwen te konsidere Kris la
sou laparans tankou lèzòm fè l' la, koulye a mwen pa
konnen l' nan jan sa a ankò. **17** Si yon moun ap viv nan
Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se
lòt bagay nèf ki pran plas yo koulye a. **18** Tou sa soti nan
Bondye ki fè nou vin zanmi avè l' ankò, gremesi Kris la.
Se li menm tou ki fè m' konfyans, ki ban m' travay sa a
pou mennen lèzòm vini byen avè l' ankò. **19** Paske nan
Kris la, Bondye t'ap fè tou sa li te kapab pou fè moun vin
byen avè l' ankò. Li pa t' gade sou peche lèzòm te fè. Se
li menm ki mete mwen la pou fè lèzòm konnen ki jan l'ap
fè yo byen avè l' ankò. **20** Se sak fè mwen pale nan non
Kris la menm ki te voye m', tankou si se Bondye menm
k'ap pale nan bouch mwen pou di nou: tanpri, nan non
Kris la, tounen vin byen ak Bondye ankò. **21** Kris la pa t'
janm fè okenn peche, men Bondye fè l' pran sò nou sou li,
yo trete l' tankou yon moun ki fè peche. Konsa, lè nou fè
yon sèl kò ak Kris la, Bondye fè nou gras.

6 Se poutèt sa, mwen menm k'ap travay ak Bondye,
mwen mande nou pou nou pa kite favè nou resevwa
nan men Bondye a gaspiye. **2** Paske, nan Liv la Bondye
te di: Mwen te koute ou, lè lè a te rive pou m' te fè ou gras
la. Mwen te pote ou sekou, lè jou a te rive pou m' te delivre
ou la. Enben, koulye a, men lè a rive pou n' resevwa
favè Bondye a; se jòdi a menm nou ka jwenn delivrans.
3 Mwen pa ta vle pesonn jwenn anyen pou kritike nan
travay mwen. Se poutèt sa, m'ap chache mwayen nan
travay mwen pou m' pa bay pesonn okazyon tonbe nan
peche. **4** Okontrè, nan tout bagay, mwen fè tout moun wè
se Bondye m'ap sèvi. Se avèk anpil pasyans mwen sipòte
tout kalite soufrans, tout kalite lafliksyon ak tout kalite kè
sere. **5** Yo bat mwen, yo mete m' nan prizon. Yo moute tèt
moun sou do mwen, yo fè m' fè travo fòse. Yo fè m' pase
nwit san dòmi, yo fè m' rete san manje. **6** Mwen fè tout
moun wè se moun k'ap sèvi Bondye mwen ye pou jan m'
mache dwat, pou jan m' konn verite a, pou jan m' gen
pasyans ak bon kè, pou jan m' kite Sentespri dirije lavi m',
pou jan m' renmen tout moun ak tout kè mwen, **7** pou
jan m'ap mache bay verite a, pou jan Bondye soutni m'
ak pouvwa li. Mwen sèvi ak tout bagay ki dwat tankou
zam, kit pou atake, kit pou defann tèt mwen. **8** Yon lè yo
respekte mwen, yon lòt lè yo fè m' wont. Yon lè yo pale
byen pou mwen, yon lòt lè yo pale m' mal. Yo fè m' pase
pou moun k'ap bay manti, men se verite a m'ap di. **9** Yo
fè m' pase pou moun pesonn pa konnen, men tout moun
konnen m' byen pwòp. Yo fè m' pase pou moun ki fin
mouri, men mwen byen vivan. Yo bat mwen, men yo pa
touye mwen. **10** Y'ap fè m' lapenn, men mwen toujou gen
kè kontan. Mwen sanblè m' pòv, men mwen fè anpil moun
rich. Mwen sanble m' pa gen anyen, men se mwen menm
ki gen tout bagay. **11** Zanmi m' yo, moun Korent, mwen
pale kare avè nou, mwen louvri tout kè m' ban nou. **12** Se
pa mwen ki te fèmen kè m' ban nou, se nou menm ki te
fèmen kè nou ban mwen. **13** Se poutèt sa, m'ap pale avè
nou tankou si nou te pitit mwen. Santiman mwen gen pou
nou an se li menm tou pou nou gen pou mwen: louvri tout
kè nou ban mwen. **14** Pa mete tèt nou ansanm ak moun
ki pa gen konfyans nan Kris la: Se pa sosyete konsa ki
bon pou nou. Ki jan nou ta vle wè sa pou bagay ki bon,
bagay ki dwat, mele ak bagay ki mal? Ki jan pou limyè ta
ka mache ak fènwa? **15** Kouman Kris la ta ka antann li
ak Satan? Osinon, kisa yon moun ki kwè gen pou wè
ansanm ak moun ki pa kwè? **16** Kisa kay Bondye a gen
pou wè ak zidòl? Nou se kay Bondye vivan an, pa vre?
Se Bondye menm ki di sa: M'a vin rete, m'a viv nan mitan

yo. M'a tounen Bondye yo, y'a tounen pèp mwen. 17 Se
poutèt sa, Bondye te di nou: Soti nan mitan moun sa yo.
Pa mele ak yo. Pa manyen anyen nou pa dwe manyen.
Lè sa a, mwen menm, m'a resevwa nou. 18 M'a tankou
yon papa pou nou. Nou menm, n'a tankou pitit gason m'
ak pitit fi mwen. Se Mèt ki gen tout pouvwa a ki di sa.

7 Mezanmi, se pou nou wi Bondye te fè tout pwomès
sa yo. Ann kenbe kò nou ak nanm nou nan kondisyon
pou n' sèvi Bondye! Ann voye tout bagay ki ka wete nou
nan kondisyon sa a jete! Ann chache viv apa pou Bondye!
Ann viv nan krentif li! 2 Tanpri, ban m' yon ti plas nan kè
nou! (Konprann mwen byen). Mwen pa fè pesonn okenn
mal, pesonn pa ka di mwen lakòz yo pèdi pozisyon yo.
Pesonn pa ka di mwen pwofite sou yo. 3 Mwen pa di nou
sa pou kondannen nou. Mwen deja di nou sa: sitèlman
mwen renmen nou, mwen pote nou sou kè mwen pou
lavi ak pou lanmò. 4 Mwen gen anpil konfyans nan nou,
mwen kontan nou anpil. Nan mitan tout soufrans mwen
yo, mwen toujou gen anpil kouraj, kè m' kontan nèt. 5 Se
konsa, depi mwen te rive nan peyi Masedwan, kè m' pa t'
poze menm: mwen jwenn traka tout jan. Yon bò mwen
te nan gwo diskisyon ak kèk moun, yon lòt bò mwen te
pè nan kè mwen. 6 Men, Bondye ki bay moun ki nan
lafliksyon yo kouraj te ban m' kouraj lè l' te voye Tit vin
jwenn mwen. 7 Se pa rive Tit la ase ki te ankouraje mwen.
Sa te remoute kouraj mwen anpil tou lè li rakonte m' jan
nou menm nou te ba li ankourajman. Li fè m' konnen jan
nou anvi wè m', jan sa fè nou lapenn pou mwen, jan nou
pare pou nou pran defans mwen. Se sak fè, koulye a
mwen pi kontan toujou. 8 Menm si lèt mwen te ekri nou
an te fè nou lapenn, mwen pa règrèt sa. Mwen te regrèt
mwen te ekri l' lè m' te wè jan l' te fè nou lapenn lè sa a. 9
Men koulye a, kè m' kontan, pa paske mwen te fè nou
lapenn, men paske lapenn nou te genyen an te fè nou
chanje kondit. Nou te sipòte lapenn sa a jan Bondye vle l'
la. Se konsa mwen pa fè nou okenn mal. 10 Paske, lè
yon moun sipòte lapenn li jan Bondye vle l' la, sa chanje
kè li pou l' ka rive sove. Pa gen anyen la a pou n' règrèt.
Men, lapenn nou sipòte jan tout moun fè l' la, se touye
l'ap touye nou. 11 Nou menm, nou sipòte lapenn nou an
jan Bondye vle l' la. Koulye a, gade sa l' fè pou nou! Gade
ki jan li fè nou pran sitiyasyon an pou bagay serye! Gade
ak ki lanpresman nou soti pou defann tèt nou? Gade jan
n' te fache! Gade jan n' te pè! Gade jan nou anvi wè m'
ankò! Gade jan nou aktif, jan nou prese peni moun ki te fè
sa ki mal la! Nou moutre nou pa t' koupab nan tout bagay
sa yo. 12 Se pa pou moun ki te fè sa ki mal la, ni pou
moun yo te fè mal la mwen te ekri nou. Mwen ekri nou
pou n' te ka wè jan nou devwe pou mwen devan Bondye.
Se poutèt sa, sa te ban m' anpil ankourajman. 13 Se pa
ankouraje sèlman mwen te ankouraje. Mwen te pi kontan
ankò lè m' wè kouman Tit te kontan pou jan nou te ba li
ankourajman. 14 Mwen te pale byen pou nou anpil ak Tit,
epi nou pa fè m' wont. Mwen pa janm ban nou manti lè
m'ap pale ak nou. Se konsa, sa m' te di Tit sou nou an se
te verite a tout bon. 15 Koulye a, li vin renmen nou plis
toujou lè l' chonje jan nou tout nou te dispoze obeyi, jan
nou te resevwa l' avèk krentif sitèlman nou t'ap tranble. 16
Mwen kontan nèt mwen ka toujou konte sou nou.

8 Frè m' yo, mwen ta renmen nou konnen ki jan Bondye
te fè wè favè l' nan legliz ki nan peyi Masedwan yo.
2 Patizan Kris yo te pase anba anpil eprèv avèk tout
soufrans ki te tonbe sou yo. Men, yo te sitèlman kontan,
yo te moutre jan yo ka bay ak tout kè yo, malgre yo te nan
nesesite. 3 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: yo bay sa yo te
kapab, yo menm bay pase sa yo te kapab. San moun pa
fòse yo, 4 se yo menm menm ki mande, se yo menm
menm ki plede ak nou pou nou ba yo privilèj patisipe nan
sekou n'ap voye pou manm pèp Bondye nan peyi Jide a.
5 Sa depase sa nou te kwè a anpil: yo ofri tèt yo bay Seyè
a anvan. Apre sa, yo ofri tèt yo ban nou jan Bondye vle l'
la. 6 Se konsa, mwen mande Tit pou li al lakay nou pou l'
ka kontinye travay li te kòmanse a, pou nou ka bay sa
nou gen pou n' bay la ak tout kè nou. 7 Wi, nou rich sou
tout pwen, kit se nan lafwa, kit se nan konn pale byen,
kit se nan kònesans verite a, kit se nan aktivite nou pou
Bondye, kit se nan renmen nou gen pou mwen. Se poutèt
sa mwen ta renmen wè nou bay ak tout kè nou pou zèv
sa a tankou moun ki rich. 8 Se pa yon lòd m'ap ban nou:
Men, mwen pran egzanp sou lòt yo pou nou menm tou
nou ka moutre jan nou gen renmen tout bon nan kè nou.
9 Nou konnen ki favè Jezikri, Seyè a, fè nou. Li menm ki
te rich, li fè tèt li tounen pòv pou nou. Konsa, lè l' fè tèt li
tounen pòv la, li fè nou rich. 10 Men lide mwen fè sou
keksyon sa a. Depi lanne pase anwo, se nou menm an
premye ki te fè lide ede frè yo. Se nou menm an premye
ki te kòmanse ranmase lajan pou sa. 11 Koulye a, se pou
n' kontinye fin fè jès la nèt. Menm jan nou te mete tout kè
nou lè nou t'ap pran desizyon fè l' la, mete tout kè nou
pou nou fini ak sa, dapre mwayen nou. 12 Paske si nou
mete tout kè nou pou nou bay, Bondye ap asepte kado
nou bay la. L'ap gade sou sa nou genyen, li p'ap gade
sou sa nou pa genyen. 13 Sa pa vle di se pou nou mete
tèt nou nan lamizè lè n'ap soulaje lòt moun. Men, se pou
tout moun menm jan. 14 Si koulye a nou gen anpil, se
pou n' ede sa ki nan nesesite yo. Si yon jou pita nou vin
nan nesesite, epi yo menm yo gen anpil, lè sa a y'a kapab
ede nou tou. Konsa tout moun va menm jan, 15 dapre sa
ki te ekri nan Liv la: Moun ki te ranmase plis yo pa t' gen
twòp. Moun ki te ranmase pi piti yo pa t' manke anyen. 16
Ann di Bondye mèsi, li menm ki fè Tit devwe pou nou,
menm jan avè mwen! 17 Tit te asepte fè sa m' te mande l'
fè a. Men, li te sitèlman prese vin ede nou, se li menm
menm ki pran desizyon ale lakay nou. 18 Nou voye yon
frè avè li. Tout moun nan legliz yo ap nonmen non frè sa a
pou jan l' travay pou anonse bon nouvèl la. 19 Apre sa,
se legliz yo menm ki te chwazi l' pou vwayaje ansanm ak
nou, pou ede ranmase lajan nou t'ap bay la. Lajan sa a
gen pou sèvi yon lwanj pou Bondye, anmenmtan l'ap fè

wè jan nou vle ede vre. **20** Nou pran tout prekosyon sa yo
pou moun pa jwenn repwòch pou yo fè nou pou gwo lajan
sa a ki nan men nou an. **21** N'ap chache fè tout bagay
pwòp, pa sèlman devan Bondye, men devan tout moun
tou. **22** N'ap voye yon lòt nan frè nou yo ak yo tou. Nou te
swiv frè sa a anpil, li toujou moutre anpil devouman nan
sèvis la. Men, koulye a li gen plis devouman toujou pou
jan li fè nou konfyans anpil. **23** Konsa, Tit se yon bon
zanmi m' k'ap travay ansanm avè m' pou nou. Pou lòt frè
ki avè l' yo, se legliz yo ki voye yo. Se yon lwanj pou Kris
la. **24** Fè yo wè jan nou renmen yo, pou legliz yo ka sèten
nou renmen yo, pou yo ka konnen mwen gen rezòn pale
byen pou nou konsa.

9 Mwen pa wè rezòn pou m' voye di nou anyen sou
keksyon sekou n'ap voye bay manm pèp Bondye
ki nan peyi Jide a. **2** Mwen konnen jan nou vle ede,
mwen pa t' manke kontan pale byen pou nou ak moun
Masedwan yo lè m' te di yo: Depi lanne pase anwo, frè ki
nan peyi Lakayi yo pare pou ede. Se konsa lanpresman
nou pou bay te eksite anpil ladan yo bay tou. **3** Malgre sa,
m'ap voye frè sa yo bò kote nou pou bèl pawòl mwen
te di pou nou sou zafè sekou sa a pa pase pou manti.
Mwen ta renmen wè nou pare vre, jan mwen te di l' la. **4**
Ala wont mwen ta wont si, pou lè moun peyi Masedwan
yo ta vin ansanm avè m', yo ta jwenn nou pa pare! Jan
m' te konte sou nou sa! Mwen pa bezwen pale jan nou
menm tou nou ta wont! **5** Se sak fè, mwen kwè se te
nesesè pou m' te mande frè sa yo pou y' al lakay nou
anvan mwen, pou nou ka pare kado nou te pwòmèt nou
t'ap bay la. Konsa, lè m'a rive mwen menm, kado a va tou
pare. Lè sa a, moun yo va wè nou bay paske nou vle, pa
paske yo fòse nou. **6** Chonje sa byen: Moun ki simen ti
kras va rekòlte ti kras. Moun ki simen anpil va rekòlte
anpil. **7** Se pou chak moun bay jan yo te deside nan kè
yo, san yo pa règrèt anyen, san moun pa bezwen fòse
yo, paske Bondye renmen moun ki bay ak kè kontan.
8 Bondye menm gen pouvwa pou l' ban nou tout kalite
benediksyon an kantite. Li fè sa, pa sèlman pou nou ka
toujou genyen tou sa nou bezwen, men pou nou ka gen
rès ki rete pou n' fè tout kalite bon zèv. **9** Se sa menm ki
ekri nan Liv la: Li bay moun ki nan nesesite yo san gad
dèyè. L'ap toujou gen kè nan men. **(aiōn g165)** **10** Bondye
ki bay moun k'ap simen an grenn pou l' simen ak pen pou
l' manje, l'a ban nou tou sa nou bezwen pou simen. L'a fè
l' pouse pou nou, pou nou ka fè yon bèl rekòt lè nou bay
an kantite konsa. **11** Bondye ap toujou fè nou rich ase
pou nou ka toujou bay ak tout kè nou. Konsa, anpil moun
va di Bondye mèsi pou kado n'a ban mwen pou yo. **12**
Se pou nou konn sa byen: sèvis n'ap rann lè nou bay
lajan sa a, se pa sèlman pou bay moun pèp Bondye sa yo
bezwen. Men, akòz sèvis sa a, anpil moun pral lapriyè
Bondye pou di l' mèsi. **13** Sèvis sa a ap fè yo wè ki kalite
moun nou ye. Yo pral fè lwanj Bondye, paske sekou sa
a pral fè yo wè jan nou soumèt, jan nou kwè nan bon
nouvèl ki pale sou Kris la. Y'a fè lwanj Bondye tou pou jan
nou separe byen nou yo ak yo ansanm ak tout lòt yo. **14**
Y'a lapriyè pou nou, y'a renmen nou anpil akòz gwo favè
sa a Bondye fè pou nou. **15** Ann di Bondye mèsi pou gwo
kado sa a li ban nou, yon kado ki pa gen parèy li!

10 Men sa mwen menm Pòl, m'ap mande nou ak
dousè ansanm ak bon kè ki soti nan Kris la. Gen
moun ki pretann mwen fèmen lè m' nan mitan nou, men lè
m' lwen nou mwen sevè. **2** Tanpri, pa fòse m' moutre nou
jan mwen ka sevè lè m'a rive lakay nou. Paske mwen
sèten m'a ka moutre m' sevè annegad moun ki konprann
m'ap aji dapre bon konprann lèzòm. **3** M'ap viv koulye a
nan yon kò tankou tout moun, se vre. Men, mwen p'ap
goumen menm jan ak tout moun. **4** Zam m'ap sèvi nan
batay m'ap mennen an, se pa menm ak zam moun k'ap
viv dapre lide ki nan lemonn yo. Zam mwen se zanm ki
gen pouvwa devan Bondye pou kraze tout gwo fò. M'ap
kraze tout pawòl esplikasyon ki pa bon, **5** m'ap kraze tou
sa lèzòm nan lògèy yo ap fè pou anpeche moun konnen
Bondye. M'ap mare tout vye lide ki nan tèt lèzòm yo,
m'ap fè yo vin obeyi Kris la. **6** Mwen pare pou m' pini
tout moun ki va dezobeyi. Men, anvan sa, se pou nou
moutre m' jan nou soti pou nou soumèt nou nèt. **7** Nou
menm, moun Korent, n'ap gade sou laparans. Enben, si
yon moun mete nan tèt li se moun Kris la li ye, se pou l'
mete sa nan tèt li tou, mwen menm tou mwen se moun
Kris la mwen ye menm jan avè li. **8** Enpi, menm si m' te
fè grandizè yon ti jan twòp pou otorite Seyè a ban mwen
an, mwen pa wont pou sa. Paske, otorite sa li ban mwen
an, se pou m' fè nou grandi nan konfyans nan li, se pa
pou m' kraze nou. **9** Mwen pa ta vle nou konprann m'ap
chache kraponnen nou lè m'ap ekri nou konsa. **10** Gen
moun ki di: Lè Pòl ap ekri nou, li rèd konsa, li sevè. Men,
lè li la nan mitan nou li tou dou. Ata pale li pa ka pale. **11**
Enben, moun ki di sa a, li mèt mete sa nan tèt li: Pa gen
diferans ant sa m'ap ekri nan lèt mwen voye ban nou lè
mwen pa la ak sa mwen pral fè lè m'a la nan mitan nou.
12 Konprann sa byen: mwen pa ka pèmèt mwen pou m'
mete m' sou menm wotè ak moun ki kwè yo plis pase sa
yo ye, ni mwen p'ap konpare tèt mwen ak yo non plis. Se
yon bann san konprann! Y'ap mezire tèt yo ak mezi yo
menm yo fè. Y'ap konpare tèt yo ak pwòp tèt pa yo ankò.
13 Men, pou mwen menm, mwen p'ap vantè tèt mwen
depase limit. M'ap rete nan limit travay Bondye ban mwen
an. Nou menm, moun Korent, nou nan limit travay mwen.
14 Se sak fè, mwen pa t' depase limit mwen lè m' te rive
lakay nou ak bon nouvèl ki pale sou Kris la. **15** Konsa,
nou wè, mwen pa depase limit Bondye ban mwen. Mwen
p'ap fè grandizè pou travay lòt moun te deja fè. Okontrè,
mwen gen espwa n'a grandi nan konfyans, pou m' ka fè
yon pi gwo travay ankò nan mitan nou, toujou nan limit
Bondye ban mwen an. **16** Apre sa, m'a kapab al anonse
bon nouvèl la nan peyi ki pi lwen pase lakay nou, san m'
p'ap bezwen fè grandizè pou travay lòt moun deja fè nan
limit pa yo. **17** Paske, jan sa ekri nan Liv la: Si yon moun

vle fè lwanj tèt li, se pou l' fè lwanj tèt li nan sa Bondye fè
pou li. 18 Se konsa wi: Se pa moun k'ap fè lwanj tèt yo ki
bon pou travay la, men se moun Seyè a rekòmande ki
bon pou travay la.

11 Mwen ta renmen nou pèmèt mwen pran pòz moun
fou m' pou yon ti moman. Enben, wi, pèmèt mwen
fè sa. 2 M'ap fè jalouzi pou nou, yon jalouzi ki soti nan
Bondye. Paske, nou tankou yon jenn fi ki pa nan dezòd.
Mwen fiyanse nou ak yon sèl gason. Gason sa a se Kris
la. 3 Men, mwen pè pou lespri nou pa pèvèti, pou nou
pa manke Kris la pawòl, pou nou pa tonbe nan dezòd
tankou Ev ki te kite sèpan an vire lòlòj li ak riz li yo. 4
Mwen di sa paske mwen wè nou kite nenpòt ki moun vin
fè nou konnen yon Jezi ki pa menm ak Jezi mwen te fè
nou konnen an, epi nou pa di anyen. Mwen wè nou pare
pou n' asepte yon lespri ak yon mesaj ki pa menm ni ak
Lespri Bondye a, ni ak bon nouvèl mwen te ban nou an.
5 Pou mwen, mwen pa wè sa apòt ki kwè yo plis pase
tout moun yo gen pase mwen. 6 Mwen ka pa konn pale
byen, men pou konesans la, se pa menm bagay. Nan tout
okazyon ak nan tout bagay mwen te toujou fè nou wè sa.
7 Lè m' te anonse nou bon nouvèl Bondye a, mwen te fè
sa gratis pou nou, mwen te desann tèt mwen pou m' te ka
fè nou kanpe. Eske mwen te gen tò lè m' te fè sa? 8
Lè sa a, mwen te asepte lajan nan men lòt legliz yo. Se
tankou si m' te pran nan sa ki pou yo pou m' te kapab
ede nou. 9 Pandan tout tan mwen te pase lakay nou an,
mwen pa t' sou kont pesonn lè m' te bezwen lajan, paske
frè ki soti Masedwan yo te pote tou sa m' te bezwen pou
mwen. Mwen te pran kont prekosyon m' pou m' pa t' sou
kont nou yonn pou anyen, epi m'ap toujou pran menm
prekosyon sa a. 10 Jan mwen sèten mwen konnen verite
Kris la, mwen pa ka bay manti, se konsa m'ap di nou sa:
rezon sa a mwen genyen pou m' vante tèt mwen nan tout
peyi Lakayi a, pesonn p'ap kapab wete l' nan men mwen.
11 Poukisa? Eske se paske mwen pa renmen nou? Se
Bondye ki konnen jan mwen renmen nou. 12 Men, m'ap
toujou aji jan m'ap aji koulye a, pou m' pa bay moun k'ap
chache okazyon pou yo fè grandizè chans pou yo ka di yo
travay menm jan ak mwen. 13 Moun sa yo, se pòz apòt
yo y'ap pran. Y'ap bay manti sou travay yo, y'ap fè tèt yo
pase pou apòt Kris la. 14 Pa gen anyen la a ki pou fè n'
sezi: ata Satan ka ranje kò l' pou l' pran pòz yon zanj
limyè. 15 Si moun k'ap sèvi Satan yo pran pòz moun k'ap
sèvi sa ki byen, pa gen anyen ki dwòl nan sa. Men, bout
pou bout y'a jwenn sa y'ap chache a. 16 M'ap repete sa
m' te di a: Piga pesonn pran m' pou moun fou. Men, si
nou pran m' pou moun fou, kite m' pran pòz moun fou
m' vre pou m' kapab vante tèt mwen yon ti kras tou. 17
Sa m'ap di koulye a, se pa sa menm Seyè a ta renmen
m' di. Men, nan pozisyon yo mete m' ki fè m' ka vante
tèt mwen an, m'ap pale tankou si m' te fou. 18 Sitèlman
gen moun k'ap vante tèt yo pou bagay y'ap fè sou latè,
kite m' vante tèt mwen tou. 19 Nou menm ki gen bon
konprann nou pa manke tolere moun fou! 20 Nou kite yo
fè nou tounen esklav, nou kite yo devore nou, nou kite yo
pran nou nan pèlen, nou kite yo fè awogans sou nou, nou
kite yo ban nou souflèt. 21 Wi, mwen wont di sa: Mwen
te twò fèb pou m' te aji jan m' te aji ak nou an! Men, si
gen moun ki ka pèmèt yo vante tèt yo pou lòt bagay (pa
bliye m'ap pale tankou yon moun fou wi!) mwen menm
tou m'ap pèmèt mwen fè sa tou. 22 Eske yo se pitit pitit
Ebè? Mwen menm tou. Eske yo se moun ras Izrayèl la?
Mwen menm tou. Eske yo se pitit pitit Abraram? Mwen
menm tou. 23 Eske yo se moun k'ap sèvi Kris la? (M'ap
pale koulye a tankou moun ki deraye nèt.) Mwen sèvi Kris
la plis pase yo: mwen travay pase yo, yo mete m' nan
prizon pi plis pase yo, yo bat mwen pi plis pase yo, mwen
manke mouri pi souvan pase yo. 24 An senk fwa, jwif yo
ban m' trant nèf kout fwèt. 25 An twa fwa, women yo bat
mwen. Yon fwa yo kalonnen m' wòch pou yo te touye
mwen. Batiman koule avè m' twa fwa. Yon fwa menm
mwen pase yon jou ak yon nwit nan dlo. 26 Anpil fwa
menm, lè m'ap vwayaje konsa dlo larivyè manke pote m'
ale. Bandi manke touye m', jwif yo manke touye m' tou,
ata moun lòt nasyon yo manke touye m' tou. Mwen te
an danje nan lavil, mwen te an danje andeyò, mwen te
an danje sou lanmè. Ata swadizan frè yo manke touye
mwen. 27 Mwen redi travay di, mwen fatige kò m' anpil,
mwen pase anpil nwit san dòmi, mwen konnen sa ki rele
grangou ak swaf dlo. Anpil fwa mwen te blije rete san
manje, mwen soufri fredi, mwen konn pa gen rad pou
m' mete sou mwen. 28 San konte anpil lòt bagay ankò,
chak jou se tèt chaje pou mwen ak bagay mwen gen pou
m' regle pou tout legliz yo. 29 Si yon moun fèb, lamenm
mwen fèb tou. Si yon moun tonbe nan peche, sa rann
mwen malad. 30 Si se pou m' vante tèt mwen, m'a vante
tèt mwen pou tout bagay ki pou moutre jan m' fèb. 31
Bondye ki Papa Seyè Jezi a (li menm k'ap resevwa lwanj
tout tan an), li konnen mwen p'ap bay manti. (aiōn g165)
32 Lè m' te lavil Damas, moun wa Aretas te mete pou
gouvènen lavil la pran gad, li mete yo nan tout pòtay lavil
la pou yo te arete m'. 33 Men frè yo fè m' pase nan yon
fennèt nan gwo miray lavil la. Yo file m' desann nan yon
panyen. Se konsa mwen te chape kò m' anba men li.

12 Mwen blije ap vante tèt mwen, atout mwen konnen
sa pa bon. Men, m'ap vin koulye a sou vizyon ak
revelasyon Seyè a te ban mwen. 2 Mwen konnen yon
moun k'ap viv nan Kris la, ki te transpòte jouk anwo nèt
nan syèl la. Sa gen katòzan depase. (Mwen pa konn ki
jan sa te fè fèt, mwen pa ka di si l' te moute tout bon nan
kò l', osinon si se te yon vizyon li te fè. Se Bondye sèl ki
konnen.) 3 Wi, mwen konnen nonm sa a te santi l' moute
jouk anwo nan paradi. M'ap repete, mwen pa ka di si li te
moute tout bon nan kò l', osinon si se te yon vizyon li te
fè. Se Bondye sèl ki konnen. 4 Antan l' te la, li tande yon
bann pawòl bouch moun pa ka pale, koze moun pa gen
dwa repete. 5 Enben, m'ap fè lwanj nonm sa a, mwen
p'ap fè lwanj tèt pa m', esepte si se pou m' moutre jan

m' fèb. 6 Si mwen te vle vante tèt mwen, mwen pa ta
yon nonm fou non, paske mwen pa t'ap bay manti. Men,
mwen refize vante tèt mwen. Mwen pa ta vle pou yon
moun rive konprann mwen plis pase sa li te met nan tèt li
mwen ye, lè l' te wè sa m'ap fè, lè l' tande sa m'ap di.
7 Malgre sa, pou lògèy pa fè m' gonfle avèk kalite bèl
revelasyon sa yo mwen resevwa, yo ban m' yon kalite
maladi nan kò m' k'ap fè m' soufri, ou ta di yon zanj Satan
voye maltrete m' pou anpeche m' gen lògèy. 8 An twa fwa
mwen lapriyè Seyè a pou maladi sa a, mwen mande l' pou
l' wete li sou mwen. 9 Chak fwa, li reponn mwen: Se favè
m' ase ou bezwen. Paske lè ou fèb, se lè sa a moun wè
pouvwa mwen nan ou. Se poutèt sa, nan fon kè m', mwen
pito pale sou feblès mwen pou pouvwa Kris la ka mete m'
anba zèl li. 10 Se sak fè tou mwen kontan anpil lè m' santi
m' fèb, lè y'ap joure m', lè m' nan lafliksyon, lè m' anba
pèseksyon, lè m' nan fikilte, lè m'ap sibi tou sa akòz Kris
la. Paske lè m' fèb, se lè sa a mwen gen fòs. 11 Mwen sot
pale la a tankou moun fou. Men, se nou menm ki lakòz
sa. Se nou menm ki pou ta pran defans mwen. Mwen te
mèt pa anyen vre, men, apòt nou yo ki kwè yo plis pase
tout moun, yo pa gen anyen pase mwen. 12 Avèk anpil
pasyans, Bondye fè nou wè kont siy, kont mirak, kont bèl
bagay ki rive nan mitan nou, tou sa pou ban nou prèv se
yon apòt mwen ye. 13 Mwen pa t' sou kont nou, se vre.
Mwen mande nou padon pou fòt sa a. Men, apa sa, kisa
yo fè pou lòt legliz yo yo pa fè pou nou? 14 Mwen pare
koulye a pou m' vin lakay nou yon twazyèm fwa. Fwa sa
a ankò mwen p'ap sou kont nou. Se nou menm menm
mwen bezwen, se pa lajan nou. Konprann sa byen, se
pa pitit ki pou fè lajan pou pran swen manman ak papa.
Se manman ak papa ki pou fè lajan pou pran swen pitit.
15 Pou mwen menm, m'ap kontan depanse tou sa m'
genyen, se va tout plezi m' pou m' bay ata tèt mwen pou
nanm nou ka pwofite. Eske n'a renmen m' mwens paske
mwen renmen nou anpil konsa? 16 Se pou nou admèt
mwen pa t' janm yon chay pou nou. Men, gen moun ki va
di: Pòl se yon nonm ki malen wi. Gade jan li pran nou
nan pèlen ak yon bann manti. 17 Nan moun mwen te
voye lakay nou, èske gen ladan yo ki te souse nou? 18
Mwen te mande Tit pou li al lakay nou. Mwen te voye lòt
frè a ansanm avè li. Eske nou ka di Tit te egzije kichòy
nan men nou? Eske mwen menm ansanm ak Tit, nou pa
gen menm rezòn pou n' aji jan nou aji a? Eske nou pa
kondi tèt nou menm jan an? 19 Nou dwe mete nan tèt
nou koulye a se chache m'ap chache defann tèt mwen
devan nou? enben non! M'ap pale jan Kris la vle l' la,
mwen pran Bondye pou temwen: Mwen di nou tout bagay
sa yo, mezanmi, pou nou ka grandi nan lafwa. 20 Mwen
pè pou lè m' rive lakay nou, mwen pa jwenn nou jan
mwen ta vle l' la. Mwen pè pou m' pa jwenn kont, jalouzi,
bouyay, rayisab, joure, tripotaj, lògèy, dezòd nan mitan
nou. 21 Mwen pè pou lè m' rive lakay nou, Bondye m'ap
sèvi a pa rabese m' ankò devan nou, pou m' pa bezwen
nan kriye pou anpil nan nou ki te fè peche anvan sa, epi
ki pa tounen vin jwenn Bondye, men ki toujou rete nan
malpwòpte yo, nan imoralite yo, nan tout vis yo t'ap fè yo.

13 M'ap vin lakay nou pou yon twazyèm fwa. Lè sa
a, jan sa ekri nan Liv la, tout bagay va regle sou
depozisyon de osinon twa temwen. 2 M'ap avèti nou tout
ki te fè peche anvan sa, ansanm ak tout lòt yo. Mwen
te deja di nou sa lè m' te vin lakay nou dezyèm fwa a.
Koulye a mwen pa la, m'ap repete l' ankò: pwochenn
fwa m'ap tounen lakay nou, mwen p'ap mennaje pesonn.
3 Nou bezwen prèv se Kris la k'ap pale lè m'ap pale,
enben n'a jwenn li. Kris la pa fèb non lè l'ap regle ak nou.
Okontrè, l'ap fè nou wè pouvwa li. 4 Wi, se vre: yo te
kloure l' sou yon kwa paske li te fèb. Men koulye a, li vivan
gremesi pouvwa Bondye a. Mwen menm tou, mwen fèb
ansanm ak Kris la. Men, lè m'ap regle avèk nou, mwen
vivan ansanm avè l' tou, gremesi pouvwa Bondye a. 5
Sonde tèt nou nou menm, egzaminen konsyans nou byen
pou wè si n'ap viv ak konfyans nan Bondye. Nou fèt pou
nou rekonèt si Jezikri nan kè nou, esepte si nou pa ta
kapab bay prèv nou gen konfyans nan Bondye. 6 Men,
mwen kwè n'a rekonèt sa tou: mwen menm, mwen kapab
bay prèv mwen gen konfyans nan Bondye. 7 M'ap lapriyè
Bondye pou nou pa fè anyen ki mal. Lè m' fè sa, mwen pa
fè l' nan lide pou m' moutre sa m' kapab fè. Men, mwen ta
renmen wè nou fè sa ki byen, menm si mwen pase pou
moun ki pa kapab fè anyen. 8 Nou pa ka fè anyen ki kont
verite Bondye a, se pou li ase nou ka travay. 9 Mwen
kontan nèt lè mwen menm mwen fèb, epi nou menm nou
gen fòs. Se sak fè, m'ap mande nan lapriyè m' pou nou
vin bon nèt sou tout pwen. 10 M'ap ekri nou konsa lè
mwen lwen nou, se pou lè m' rive lakay nou, mwen pa
bezwen aji sevè avèk nou. Otorite Seyè a ban mwen an,
se pa pou detwi nou non li ban mwen li. Men, se pou fè
nou grandi nan konfyans nou gen nan Kris la. 11 Koulye
a, frè m' yo, mwen kite nou. Chache pou nou vin bon nèt
sou tout pwen. Se pou nou yonn ankouraje lòt, mete nou
dakò yonn ak lòt, viv ak kè poze. Bondye ki bay renmen
ak kè poze a, va toujou avè nou. 12 Se pou nou yonn bo
lòt tankou moun k'ap viv pou Bondye. 13 Tout frè k'ap
viv apa pou Bondye yo voye bonjou pou nou. 14 Se pou
benediksyon Seyè Jezikri ban nou an, ak renmen Bondye
gen pou nou an, ansanm ak pouvwa Sentespri k'ap fè
nou viv ansanm lan toujou la ak nou tout.

Galasi

1 Mwen menm Pòl, se pa moun ki te chwazi m', ni
Bondye pa t' voye yon moun chwazi m', men se Jezikri
menm ki te chwazi m' pou sèvi apòt, ansanm ak Bondye
Papa a ki te fè l' leve soti vivan nan lanmò. **2** Tout frè ki
isit la yo mete tèt ansanm avè m' pou ekri lèt sa a pou
tout legliz ki nan peyi Galasi yo. **3** Nou mande Bondye,
Papa nou, ansanm ak Jezikri, Seyè a, pou yo ban nou
benediksyon ak kè poze. **4** Dapre volonte Bondye, Papa
nou, Kris la te bay tèt li pou peche nou yo, pou l' te ka
delivre nou anba move tan mechan ki sou latè koulye a.
(aiōn g165) **5** Lwanj pou Bondye pou tout tan! Amèn. **(aiōn
g165)** **6** Mwen sezi wè jan nou prese vire do bay Bondye
ki te rele nou, gremesi Kris la, pou n' al swiv yon lòt kalite
bon nouvèl. **7** Pou di vre, pa gen okenn lòt bon nouvèl.
Men, mwen di sa paske gen moun k'ap plede chaje tèt
nou, ki vle chanje anpil bagay nan bon nouvèl Kris la. **8**
Enben, si yon moun ta vin anonse nou yon lòt bon nouvèl
ki pa menm ak sa nou te anonse nou an, moun sa a li te
mèt se mwen menm, osinon yon zanj ki soti nan syèl,
madichon pou li! **9** Mwen deja di nou sa, koulye a m'ap
repete nou sa ankò: si yon moun vin anonse nou yon bon
nouvèl ki pa menm ak sa nou te resevwa a, madichon
pou li! **10** Lè mwen di sa, èske sa vle di se favè moun
m'ap chache? Non. Se favè Bondye m'ap chache. Eske
se plezi m'ap chache fè lèzòm plezi? Si m' t'ap chache
fè lèzòm plezi, se pa Kris la mwen ta ap sèvi. **11** M'ap
di nou sa, frè m' yo, bon nouvèl m'ap anonse a pa soti
nan moun. **12** Paske mwen menm, mwen pa t' resevwa
l' nan men pesonn, ni se pa yon moun ki te moutre m'
li. Men, se Jezikri menm ki te fè m' konnen li. **13** Nou
tande pale sa m' te konn fè nan tan lontan, lè m' te nan
relijyon jwif yo. Nou konnen jan m' te san pitye lè m' t'ap
pèsekite legliz Bondye a, jan m' t'ap chache kraze li. **14**
Nan relijyon jwif yo mwen te pi fò pase anpil moun nan ras
mwen ki te menm laj avè mwen. Mwen te pi cho pase yo
pou defann koutim zansèt nou yo. **15** Men, Bondye fè m'
favè l', li mete m' apa depi nan vant manman m', li rele m'
pou m' te ka sèvi li. **16** Konsa, lè se te lide l' pou l' te fè m'
konnen Pitit li a, pou m' te ka anonse bon nouvèl li a nan
mitan moun ki pa jwif yo, wi, lè sa a, mwen pa t' al mande
pesonn konsèy. **17** Mwen pa t' moute Jerizalèm non plis
pou m' al wè moun ki te apòt anvan m' yo. Men, mwen
te pati la menm pou peyi Arabi. Apre sa, mwen tounen
tounen m' lavil Damas. **18** Sou twazan, mwen moute lavil
Jerizalèm pou m' te fè konesans ak Pyè. Mwen rete kenz
jou lakay li. **19** Lè sa a, mwen pa t' wè okenn nan lòt apòt
yo, esepte Jak, frè Seyè a. **20** Sa m'ap ekri nou la a, se
vre wi. Mwen pran Bondye pou temwen, mwen p'ap bay
manti. **21** Apre sa, mwen te ale nan peyi Siri ak Silisi. **22**
Pandan tout tan sa a, manm legliz Kris la ki te nan peyi
Jide a pa t' ankò rekonèt mwen. **23** Yo te sèlman konn
tande moun ap di yo: Nonm ki t'ap pesekite nou nan tan
lontan an, koulye a men l'ap mache anonse bon nouvèl li
te vle kraze a. **24** Yo t'ap fè lwanj Bondye pou tèt mwen.

2 Apre sa, katòz lanne te pase anvan m' te moute lavil
Jerizalèm ankò, fwa sa a ansanm ak Banabas. Mwen
te mennen Tit avè m' tou. **2** Kifè m' te moute a, se paske
Bondye te fè m' konnen pou m' te fè sa. Nan yon reyinyon
mwen te gen apa ak dirijan yo, mwen mete devan yo bon
nouvèl mwen t'ap anonse moun ki pa jwif yo. Mwen pa t'
vle pou ni travay mwen te fin fè a, ni travay mwen t'ap
fè a pase pou anyen. **3** Enben, Tit ki te avè m' lan, se
moun peyi Lagrès li ye: yo pa t' egzije l' sikonsi, **4** atout
kèk swadizan frè ki te fofile kò yo nan mitan nou te vle
yo sikonsi li. Moun sa yo te glise kò yo nan mitan nou
tankou espyon k'ap veye libète nou gen nan Jezi Kris la.
Yo te vle fè nou tounen esklav ankò. **5** Nou pa janm ba yo
pye sou nou pou n' te ka defann verite ki nan bon nouvèl
la pou nou menm, moun Galasi. **6** Moun ki te pase pou
chèf yo, mwen pa bezwen konnen sa yo te ye vre, paske
Bondye pa gade sou figi moun-wi, moun ki te pase pou
chèf yo, yo pa t' fè m' okenn lòt egzijans. **7** Okontrè, yo
wè Bondye te renmèt mwen travay anonse bon nouvèl la
bay moun ki pa jwif yo, menm jan li te renmèt Pyè travay
anonse l' bay jwif yo. **8** Paske, Bondye ki te mete Pyè apa
pou sèvi apòt pou jwif yo, se li menm ki te mete m' apa
tou pou m' te ka sèvi apòt pou moun ki pa jwif yo. **9** Lè sa
a, Jak, Pyè ak Jan ki te pase pou chèf nan legliz la, yo
te rekonèt se Bondye ki te ban m' travay sa a, yo bay
Banabas ak mwen lanmen tankou asosye. Nou tonbe
dakò pou Banabas ak mwen al travay nan mitan moun ki
pa jwif yo, pou yo menm y' al travay ak jwif yo. **10** Yon sèl
bagay yo te mande nou: se pou n' te toujou chonje pòv ki
nan legliz yo. Nou pa t' janm manke fè sa. **11** Men, lè Pyè
te vini lavil Antiòch, mwen te fè yon bout ak li devan tout
moun, paske sa l' te fè a pa t' bon. **12** Lè l' te fèk rive, li
t'ap manje byen pwòp ak frè ki pa jwif yo. Men, lè moun
Jak te voye yo vin rive, li mete kò l' sou kote, li refize
manje ak frè ki pa jwif yo, paske li te pè patizan moun
sikonsi yo. **13** Lòt frè jwif yo te kòmanse fè menm jan ak
li. Ata Banabas te pran tou. Li t'ap swiv yo nan ipokrizi sa
a. **14** Lè m' wè yo pa t'ap mache dwat dapre verite ki nan
bon nouvèl la, mwen di Pyè devan tout moun: Ou menm
ki jwif, ou pa t' viv isit la tankou jwif, men tankou moun ki
pa jwif. Poukisa jòdi a w'ap fòse frè ki pa jwif yo pou yo
viv tankou jwif? **15** Nou menm, nou se jwif natif natal, nou
pa soti nan ras moun lòt nasyon yo k'ap plede fè peche.
16 Men, nou konnen se pa paske yon moun fè tou sa
lalwa jwif yo mande kifè li inonsan devan Bondye, men se
lè li mete konfyans li nan Jezikri Bondye va fè l' gras.
Se poutèt sa, nou menm tou, nou te mete konfyans nou
nan Jezikri. Konsa, se pa paske nou te fè sa lalwa jwif yo
mande kifè Bondye fè nou gras, men se paske nou te
mete konfyans nou nan li. Bondye p'ap fè pesonn gras
paske li fè sa lalwa mande. **17** Men, si antan m'ap chache
pou Bondye fè m' gras gremesi Kris la, moun wè m'ap fè
peche menm jan ak moun lòt nasyon yo, èske sa vle di se

nan avantaj peche a Kris la ap travay? Non, yo pa ka di
sa. 18 Paske, si m'ap rebati sa m' te kraze a, mwen tou
moutre se dezobeyi m'ap dezobeyi lalwa. 19 Annegad
lalwa, mwen se yon moun ki mouri, epi se lalwa a menm
ki touye m' pou m' ka viv pou Bondye. Mwen mouri kloure
ansanm ak Kris la sou kwa a. 20 Se sak fè, se pa mwen
k'ap viv ankò, se Kris la k'ap viv nan mwen: lavi m'ap
mennen nan kò m' koulye a, m'ap viv li nan konfyans
mwen gen nan Pitit Bondye a ki te renmen m' sitèlman
li te rive bay lavi l' pou mwen. 21 Mwen pa voye favè
Bondye fè m' lan jete. Paske, si lalwa ka fè Bondye fè yon
moun gras, enben, Kris la mouri pou gremesi.

3 Nou menm moun peyi Galasi, ala sòt nou sòt! Kilès
nou kite pran tèt nou konsa, nou menm ki te konnen
tout ti detay sou jan Kris la te mouri sou kwa a? 2 Mwen
ta renmen nou reponn yon sèl ti keksyon sa a ban mwen:
Eske se paske nou te fè tou sa lalwa a te mande kifè nou
te resevwa Lespri Bondye a, osinon èske se paske nou
te tande bon nouvèl la? 3 Ki jan nou fè egare konsa?
Nou konmanse ak pouvwa Lespri Bondye a, koulye a nou
vle fini ak pwòp fòs kouraj nou? 4 Eske se pou gremesi
nou te fè esperyans sa yo? Non, se pa vre, se pa ka pou
gremesi. 5 Lè Bondye ban nou Lespri l', lè li fè mirak sa
yo nan mitan nou, èske li fè sa paske nou fè sa lalwa
mande, osinon paske nou mete konfyans nou nan li lè nou
tande bon nouvèl la? 6 Men sa ki ekri nan Liv la menm:
Abraram te mete konfyans li nan Bondye. Se poutèt sa
Bondye te fè l' gras. 7 Konsa, se pou nou konprann sa
byen: Moun ki mete konfyans yo nan Bondye, se yo menm
ki pitit Abraram. 8 Moun ki te ekri nan Liv la te wè davans
Bondye t'ap fè moun ki pa jwif yo gras tou poutèt konfyans
yo ta gen nan li. Se konsa li bay Abraram bon nouvèl sa a
davans tou: Gremesi ou, tout nasyon sou latè va jwenn
benediksyon. 9 Se paske Abraram te mete konfyans li
nan Bondye kifè Bondye te beni li. Konsa, tout moun ki
mete konfyans yo nan Bondye va resevwa benediksyon
Bondye a ansanm ak Abraram. 10 Moun ki mete nan lide
yo lalwa a ka sove yo, yo anba madichon. Men sa ki ekri
nan Liv la: Madichon pou tout moun ki pa fè tou sa ki ekri
nan Liv lalwa a tout tan. 11 Lalwa pa kapab fè Bondye fè
pesonn gras. Se bagay ki klè. Men sa ki ekri nan Liv la:
Moun Bondye fè gras paske yo gen konfyans nan li, se yo
menm ki va gen lavi. 12 Lalwa pa gen anyen pou l' wè ak
lafwa. Okontrè, men sa ki ekri nan Liv la: Moun k'ap fè tou
sa lalwa mande a va jwenn lavi ladan l'. 13 Kris la delivre
nou anba madichon lalwa lè li te pran madichon an nan
plas nou. Se konsa sa te ekri nan Liv la: Madichon pou
moun yo pandye sou bwa a. 14 Sa te fèt konsa pou moun
ki pa jwif yo te ka rive resevwa benediksyon Bondye te
pwomèt Abraram lan gremesi Jezikri, pou nou tout te ka
resevwa Lespri Bondye te pwomèt la, paske nou te mete
konfyans nou nan li. 15 Frè m' yo, mwen pral pran egzanp
sou yon bagay ki rive chak jou: Lè yon moun fè testaman
l' byen fèt, pesonn pa ka kase l', ni pesonn pa ka ajoute
anyen ladan li. 16 Enben, Bondye te fè pwomès sa yo
pou Abraram ak pitit pitit li a. Yo pa t' ekri: ak pitit pitit li
yo, tankou si yo te vle pale sou anpil moun, men yo ekri:
ak pitit pitit ou a. Yo t'ap pale sou yon sèl moun, moun
sa a se te Kris la. 17 Men sa mwen vle di: Bondye te fè
testaman sa a, epi li te pwomèt li t'ap kenbe li. Lalwa a
menm te vini katsantrant (430) an apre sa. Se sak fè,
lalwa a pa kapab kase testaman sa a, ni li pa kapab fè
pwomès la tonbe. 18 Paske, si kado Bondye bay la te
chita sou lalwa Moyiz la, se pa ta yon pwomès ankò kado
a ta ye. Men, Bondye te bay Abraram favè sa a paske li te
pwomèt li sa. 19 Poukisa yo te bay lalwa a menm? Yo te
ajoute lalwa a pou l' te ka fè nou konnen bagay ki kont
volonte Bondye. Lalwa a te fèt pou l' te la toutotan pitit
pitit Abraram lan pa t' ankò vini, paske se pou li Bondye te
fè pwomès la. Se zanj Bondye yo ki te bay lalwa, epi se
yon nonm ki te sèvi entèmedyè. 20 Lè yon moun pou kont
li, li pa bezwen entèmedyè. Bondye pou kont li. 21 Eske
lalwa Moyiz la kont pwomès Bondye yo? Men non. Si zanj
yo te bay yon lalwa ki te kapab bay moun lavi, enben,
lalwa sa a ta kapab fè Bondye fè moun gras. 22 Men, Liv
la di: Tout bagay anba pouvwa peche a. Konsa, moun ki
gen lafwa, se yo ki va resevwa kado Bondye te pwomèt
yo, paske yo te mete konfyans yo nan Jezikri. 23 Anvan
lè a te rive pou n' te ka gen konfyans, lalwa te kenbe nou
prizonye anba men l', jouk tan pou Bondye te devwale
kalite konfyans sa a. 24 Konsa, lalwa te tankou yon moun
ki la pou veye nou, jouk lè Kris la te gen pou vini pou n' te
ka kwè nan li pou Bondye te fè nou gras. 25 Men koulye
a, lè a rive pou nou gen konfyans nan Kris la; nou pa anba
men moun ki t'ap veye nou an ankò. 26 Se paske nou
gen konfyans nan Jezikri kifè nou se pitit Bondye. 27 Nou
tout, nou te resevwa batèm pou n' te ka viv ansanm ak
Kris la, nou mete sou nou kalite ki nan Kris yo. 28 Koulye
a pa gen diferans ant moun ki jwif ak moun ki pa jwif, pa
gen diferans ant moun ki esklav ak moun ki pa esklav, ant
fanm ak gason. Nou tout nou fè yonn nan Jezikri. 29 Si ou
se moun Kris la, enben ou se pitit pitit Abraram. Ou gen
pou resevwa eritaj Bondye te pwomèt la.

4 Enben! Men sa m' vle di: Pitit ki pou resevwa byen
papa li a, toutotan li piti toujou, y'ap trete l' menm jan
yo trete yon esklav, atout se li menm ki mèt tout bagay. 2
Toutotan li timoun toujou, li sou lòd moun k'ap okipe l' la,
moun k'ap regle zafè l' pou li a, jouk lè papa a te fikse a
rive. 3 Nou menm tou, toutotan nou te tankou timoun, nou
te esklav tout lide ki t'ap mennen lèzòm nan lemonn. 4
Men, lè lè a rive, Bondye te voye pwòp pitit li. Li soti nan
vant yon fanm, li viv anba lalwa jwif yo, 5 pou l' te ka
delivre tout moun ki te anba lalwa pou n' te kapab vin pitit
Bondye. 6 Pou fè nou wè nou se pitit li tout bon, Bondye
te voye Lespri Pitit li a k'ap rele: Papa, nan kè nou. 7
Konsa, ou pa esklav ankò, ou se yon pitit. Si ou se yon
pitit Bondye, Bondye va ba ou tout byen li sere pou pitit li
yo. 8 Nan tan lontan, nou pa t' konnen Bondye, nou te
esklav yon bann bondye ki pa t' Bondye. 9 Men, koulye a
nou rive konn Bondye, ou pito koulye a Bondye konnen

nou, kouman nou fè vle tounen al jwenn ti lespri sa yo ki
tou fèb, tou mizerab? Ki jan pou nou vle tounen esklav yo
ankò? 10 Ki jan fè gen jou, gen mwa, gen sezon, gen
lanne ki gen pi konsekan pou nou pase lòt? 11 Mwen pè
pou nou anpil. Gen lè mwen te travay mal nan mitan nou?
Se sa m'ap mande mwen. 12 Frè m' yo, tanpri souple.
Se pou nou vin tankou m', menm jan mwen menm tou
mwen te vini tankou nou. Nou pa janm fè m' okenn tò. 13
Nou chonje kisa ki te fè m' anonse nou bon nouvèl la pou
premye fwa a? Se paske m' te malad. 14 Lè sa a, malgre
maladi m' lan ta ka yon eprèv pou nou, nou pa t' meprize
m', ni nou pa t' repouse mwen. Okontrè, nou te resevwa
m' tankou si m' te yon zanj Bondye, tankou si se Jezikri
menm m' te ye. 15 Lè sa a, nou pa t' manke kontan! Kisa
ki rive nou konsa? Mwen ka di sa pou nou: si nou te gen
pou n' te rache je nou ban mwen, nou ta fè li. 16 Men
koulye a, èske mwen tounen yon lènmi pou nou paske
m'ap di nou laverite? 17 Lòt moun sa yo enterese anpil
nan nou, men lide yo gen dèyè tèt yo pa bon menm. Yo ta
vle separe nou avè m' pou nou ka enterese nan yo ase.
18 Sa bon pou nou enterese nan lòt moun tou, men fòk
nou pa gen move lide nan tèt nou. Wi, se pou nou toujou
enterese nan lòt moun, menm lè mwen pa nan mitan nou.
19 Pitit mwen yo, m'ap soufri anpil pou nou toujou, tankou
yon manman k'ap soufri doulè tranche, m'ap soufri pou
nou jouk tan Kris la va fin fòme nèt nan nou. 20 Jan m' ta
renmen bò kote nou koulye a pou m' ta ka pale yon lòt jan
avèk nou! Se pa ti kras pè mwen pè pou nou! 21 Manyè
di m', nou menm ki vle rete anba lalwa a: gen lè nou pa
konprann sa lalwa a di? 22 Li di nou konsa: Abraram te
gen de pitit gason, yonn avèk fanm ki te esklav la, yon lòt
avèk fanm ki pa t' esklav la. 23 Pitit fanm ki te esklav la te
fèt dapre egzijans lachè, men pitit fanm ki pa t' esklav
la te fèt dapre pwomès Bondye. 24 Nou ka pran istwa
sa a pou yon paraboL: de fanm sa yo se de kontra. Aga
se kontra ki te fèt sou Mòn Sinayi a. Tout pitit li yo se
esklav yo ye. 25 Aga se Mòn Sinayi nan peyi Arabi. Li
koresponn ak lavil Jerizalèm ki la koulye a nan esklavaj
ak tout pitit li yo. 26 Men, Jerizalèm ki nan syèl la, li lib.
Se li menm ki manman nou. 27 Men sa ki ekri nan Liv
la: Fè kè ou kontan, ou menm fanm ki pa t' ka fè pitit!
Rele! Fè tout moun konnen jan ou kontan, ou menm ki pa
t' janm konnen doulè tranche! Paske, fanm gason pa t'
okipe a ap gen plis pitit pase fanm ki gen mari. 28 Koulye
a, frè m' yo, nou tankou Izarak: nou se pitit Bondye jan l'
te pwomèt la. 29 Nan tan Abraram, pitit ki te fèt dapre
egzijans lachè a t'ap pèsekite pitit ki te fèt dapre Lespri
Bondye a. Se konsa sa ye koulye a tou. 30 Men, kisa ki
ekri nan Liv la? Liv la di: Mete esklav la deyò ansanm ak
tout pitit li a. Paske pitit esklav la pa gen dwa eritye nan
byen papa a ansanm avèk pitit fanm ki pa t' esklav la. 31
Konsa, frè m' yo, nou pa pitit esklav la, nou se pitit fanm ki
pa t' esklav la.

5 Se pou n' te ka lib tout bon kifè Kris la te delivre nou.
Se poutèt sa, ann rete fèm nan libète sa a. Veye kò
nou pou n' pa tounen esklav ankò. 2 Tande byen. Men sa
mwen menm Pòl m'ap di nou: Si nou kite yo sikonsi nou,
sa vle di Kris la pa sèvi nou anyen. 3 M'ap repete sa m' te
di deja pou tout moun ki kite yo sikonsi yo: si yo fè sa,
y'ap blije fè tou sa lalwa Moyiz la mande. 4 Moun ki kwè
Bondye ap fè yo gras paske yo fè sa lalwa a mande, yo
vire do bay Kris la. Yo pèdi favè Bondye a. 5 Pou nou
menm, nou gen espwa Bondye va fè nou gras paske nou
gen konfyans nan li. Se sa menm n'ap tann, gremesi
pouvwa Lespri Bondye a k'ap travay nan nou. 6 Paske,
lè n'ap viv ansanm ak Kris la, kit nou sikonsi, kit nou pa
sikonsi, sa pa fè anyen. Sa ki konsekan an se pou nou
gen konfyans nan Bondye, yon konfyans k'ap fè nou viv
ak renmen nan kè nou. 7 Nou te konmanse byen pwòp. Ki
moun ki rete nou sou kous nou, k'ap anpeche nou obeyi
verite a? 8 Bagay yo te di pou yo te ka pran tèt nou, se
pa bagay ki soti nan Bondye k'ap rele nou an. 9 Pa bliye
pawòl la: Se ti kal ledven ki fè tout pa t' la leve. 10 Men,
Seyè a fè m' gen konfyans nan nou, li ban m' lasirans nou
p'ap fè lòt lide, n'ap dakò avè mwen. Men, kanta moun
k'ap boulvèse nou an, li te mèt sa l' te ye, Bondye gen
pou peni li. 11 Pou mwen menm, frè m' yo, si m' t'ap
mande pou moun sikonsi toujou, poukisa y'ap pèsekite m'
jouk koulye a? Epitou, nan ka sa a, mesaj m'ap bay lè
m'ap anonse Kris la ki mouri sou kwa a pa ta bay pesonn
okazyon bite. 12 Kanta moun k'ap boulvèse nou konsa
sou keksyon sikonsizyon an, yo ta mèt tou fè chatre yo fin
ak sa. 13 Kanta nou menm, frè m' yo, Bondye te rele
nou pou n' te ka gen libète nou. Sèlman, pa pran libète a
sèvi eskiz pou nou viv dapre egzijans lachè. Okontrè,
se pou nou yonn sèvi lòt nan renmen nou yonn gen pou
lòt. 14 Paske tou sa lalwa mande nou, nou jwenn yo nan
kòmandman sa a: Se pou ou renmen frè parèy ou, menm
jan ou renmen tèt pa ou. 15 Men, si yonn ap mòde lòt,
yonn ap devore lòt tankou bèt sovaj, atansyon pou yonn
pa touye lòt tou! 16 Se poutèt sa, men sa m'ap di nou:
Kite Lespri Bondye dirije lavi nou. Pa obeyi egzijans kò
a. 17 Kò a gen egzijans ki pa dakò ak egzijans Lespri
Bondye a. Konsa tou, Lespri Bondye a gen egzijans ki pa
dakò ak egzijans kò a. Se de bagay ki pa mache ansanm
menm. Se sak fè nou pa kapab fè sa nou vle. 18 Men, si
se Lespri Bondye a k'ap dirije lavi nou, nou pa anba lalwa
ankò. 19 Se fasil pou nou wè sa egzijans kò a fè moun fè:
se imoralite, malpwòpte ak vis. 20 Se sèvi zidòl, se fè
maji, se yonn fè lòt lènmi, se fè kont, fè jalouzi, fè kòlè, se
yonn pa vle wè lòt, se fè ti pil gwo pil. 21 Yonn anvye sò
lòt, yo tafyatè, yo saf konsa, ak yon bann lòt bagay ankò
y'ap fè. Mwen deja di nou sa, epi m'ap repete l' ankò pou
nou: moun ki fè tout bagay sa yo p'ap antre menm nan
peyi kote Bondye wa a. 22 Men, Lespri Bondye a bay
renmen, kè kontan, kè poze, pasyans, bon kè, seriozite, li
fè ou gen bon manyè. 23 Li fè ou aji ak dousè, li fè ou
konn kontwole kò ou. Lalwa Moyiz la pa kont okenn nan
bagay sa yo. 24 Moun ki moun Jezikri, yo fè kò a mouri
ansanm ak tout egzijans li yo, ak tout lanvi li yo. 25 Se

Lespri Bondye a ki ban nou lavi, se pou n' kite li dirije lavi
nou nan tout bagay. **26** Pa kite lògèy moute nou nan tèt.
Piga yonn chache lòt kont. Piga yonn rayi sò lòt.

6 Frè m' yo, si nou bare yon moun ap fè yon bagay ki
mal, nou menm ki gen Lespri Bondye a nan kè nou, se
pou nou mete l' nan bon chemen. Men, fè sa avèk dousè.
Epi nou menm bò pa nou, veye kò nou pou nou pa tonbe
nan tantasyon tou. **2** Se pou nou yonn ede lòt pote chay
yo. Se konsa n'a obeyi lalwa Kris la. **3** Si yon moun ki pa
anyen mete nan tèt li li kichòy, moun sa a se twonpe l'ap
twonpe tèt li. **4** Chak moun dwe egzaminen jan y'ap viv
la. Si yo kontan ak tèt yo, y'a kontan pou sa yo fè. Yo p'ap
bezwen konpare tèt yo avèk sa lòt yo ap fè. **5** Paske,
chak moun gen chay pa yo pou yo pote. **6** Moun k'ap
resevwa bon nouvèl la fèt pou separe tout byen l' yo ak
moun k'ap ba li l' la. **7** Pa twonpe tèt nou. Moun pa ka
pase Bondye nan betiz. Sa yon moun simen, se sa li va
rekòlte. **8** Moun ki simen sa ki fè kò l' plezi, li gen pou l'
rekòlte lanmò. Men, moun ki simen sa ki fè Lespri Bondye
a plezi, Lespri a va fè l' rekòlte lavi ki p'ap janm fini an.
(aiōnios g166) **9** Pa janm bouke fè byen. Paske, si nou
pa dekouraje, n'a rekòlte lè lè a va rive. **10** Se sak fè,
toutotan nou jwenn okazyon, ann fè byen pou tout moun,
sitou pou frè ak sè nou yo ki gen menm konfyans ak nou
nan Bondye. **11** Gade ki gwo lèt m'ap ekri nou koulye a
ak men pa m'! **12** Moun nou wè ki vle fè nou sikonsi yo,
se moun k'ap chache pase pou bon nan je lèzòm. Y'ap fè
sa paske yo pa vle pou moun pèsekite yo akòz kwa Kris
la. **13** Paske yo menm ki sikonsi, yo pa fè tou sa lalwa
mande. Men, yo vle nou sikonsi pou yo ka fè grandizè
pou jan yo te fè nou asepte mak sa a nan kò nou. **14** Pou
mwen menm, mwen p'ap vante tèt mwen pou lòt bagay
pase pou kwa Kris la. Paske, gremesi kwa sa a, mwen
mouri pou lemonn, lemonn mouri pou mwen. **15** Kit ou
sikonsi, kit ou pa sikonsi, se pa sa ki konte. Sa ki konte,
se pou nou chanje, se pou nou tounen yon lòt moun. **16**
Pou tout moun k'ap swiv prensip sa a nan lavi yo, mwen
mande Bondye pou l' ba yo kè poze, pou l' gen pitye pou
yo, wi, pou yo tout ansanm ak tout pèp Bondye a. **17** Apre
sa, piga pesonn ban m' traka ankò. Paske, mak m'ap pote
nan kò mwen moutre se esklav Jezikri mwen ye. **18** Frè
m' yo, se pou benediksyon Jezikri, Seyè nou an, toujou la
ak nou tout. Amèn.

Efèz

1 Mwen menm, Pòl, yon moun Bondye te deside chwazi
pou apòt Jezikri, m'ap ekri lèt sa a voye bay tout pèp
Bondye ki nan lavil Efèz la, k'ap kenbe fèm nan lavi y'ap
mennen ansanm nan Jezikri. **2** Mwen mande Bondye
Papa nou ansanm ak Jezikri, Seyè nou, pou yo ban nou
benediksyon ak kè poze. **3** Lwanj pou Bondye, Papa
Jezikri, Seyè nou an. Se li menm ki beni nou nan lavi
n'ap mennen ansanm nan Kris la. Li ban nou tout kalite
benediksyon pou nou ka viv dapre egzijans Lespri Bondye
nan syèl la. **4** Byen lontan anvan Bondye te kreye lemonn,
li te chwazi nou nan Kris la pou nou te kapab viv apa pou
li, pou n' te san repwòch devan li. Nan renmen li renmen
nou an, **5** Bondye te deside depi davans pou l' te adopte
nou pou pitit li nan Jezikri, paske sa te fè l' plezi. **6** Se
poutèt sa, ann toujou fè lwanj Bondye pou bèl favè sa a li
fè nou kado, gremesi Pitit li renmen anpil la! **7** Gremesi
Kris ki mouri pou nou an, nou delivre, nou resevwa padon
pou peche nou yo; Bondye fè nou wè jan li renmen nou
anpil. **8** Li ban nou favè l' an kantite, li ban nou tout kalite
konprann ak konesans. **9** Li fè nou konnen plan travay
li te kenbe sekrè nan kè l', plan travay li te gen lide fè
depi lontan an. Se plan sa a li vin reyalize nan Kris la. **10**
Dapre plan travay Bondye a, plan ki gen pou fin reyalize
nèt lè lè a va rive, Bondye ap mete tout bagay ki nan syèl
la ansanm ak tout bagay ki sou latè a anba yon sèl chèf,
anba Kris la. **11** Bondye ap fè tout bagay rive jan l' te
deside l' la ak jan l' te vle l' la. Konsa, nou menm jwif, nou
se moun Bondye te chwazi depi davans dapre plan li. Lè
n'ap viv ansanm nan Kris la, nou resevwa pòsyon pa nou
nan byen l' yo. **12** Se sak fè, nou menm ki premye moun
ki t'ap tann Kris la, n'ap viv yon jan ki sèvi yon lwanj pou
pouvwa Bondye a. **13** Konsa tou, nou menm, moun lòt
nasyon yo, apre nou te fin tande mesaj laverite a, ki vle di
bon nouvèl k'ap fè nou konnen jan Bondye delivre nou an,
nou te mete konfyans nou nan Kris la, n'ap viv ansanm
nan Kris la tou. Bondye te make nou ak letanp li tou, li
ban nou Sentespri li te pwòmèt la. **14** Sentespri sa a,
se yon avalwa Bondye ban nou sou eritaj li te pwòmèt li
t'ap bay pèp li a. Sa ban nou garanti Bondye gen pou fin
delivre moun pa l' yo nèt. Se sak fè, nou menm tou, moun
lòt nasyon yo, n'ap sèvi yon lwanj pou pouvwa Bondye a
tou. **15** Se poutèt tout bagay sa yo, depi mwen tande jan
nou gen konfyans nan Kris la, jan nou renmen tout moun
ki fè pati pèp Bondye a, **16** mwen pa janm sispann di
Bondye mèsi pou nou. Mwen toujou chonje nou lè m'ap
lapriyè. **17** Bondye Jezikri, Seyè nou an, fè nou konnen
an, se yon papa ki gen anpil pouvwa. Mwen mande l' pou
li ban nou Sentespri l' ki bay bon konprann ki moutre nou
sa Bondye ap devwale nou an pou nou ka rive konnen l'
byen. **18** Mwen mande l' pou l' louvri lespri nou, pou nou
ka konnen kisa n'ap tann nan men Bondye ki rele nou an,
ki vle di eritaj Bondye pwòmèt l'ap bay moun ki pou li yo,
yon eritaj ki rich anpil, ki bèl anpil. **19** Mwen mande l' pou
nou ka konnen tou ki jan pouvwa li k'ap travay nan nou
menm ki kwè nan li a, se yon gwo pouvwa ki san limit. Se
menm gwo pouvwa sa a Bondye te fè moun wè, **20** lè li te
fè Kris la leve soti vivan nan mitan mò yo, li fè l' chita sou
bò dwat li nan syèl la. **21** Li mete Kris la anwo tout chèf,
anwo tout otorite, tout pouvwa ak tout dominasyon. Kris la
pi wo pase tout gwo non yo kapab bay moun non sèlman
koulye a sou latè, men nan tan ki gen pou vini an tou.
(aiōn g165) **22** Bondye mete tout bagay anba pye Kris la, li
mete l' pou l' sèl chèf legliz la. **23** Legliz la se kò Kris la, li
konplete Kris la. Kris la menm, avèk pouvwa li, li konplete
tout bagay ki toupatou.

2 Nou menm moun Efèz, nou te mouri poutèt mechanste
ak peche nou yo. **2** Se nan bagay sa yo nou t'ap viv
nan tan lontan. Nou t'ap swiv move kouran ki nan lemonn,
nou t'ap fè volonte chèf otorite yo ki nan lè a, move lespri
k'ap travay koulye a nan moun k'ap dezobeyi Bondye yo.
(aiōn g165) **3** Lè sa a, nou menm jwif yo, nou te menm jan
ak yo. Nou t'ap mennen lavi nou dapre egzijans lachè,
nou t'ap fè kapris kò nou ak tout vye lide ki te vin nan
tèt nou. Konsa, nou menm jwif, jan nou te ye a, nou te
kondannen pou n' te tonbe anba kolè Bondye tankou lòt
yo. **4** Men, Bondye sitèlman gen kè sansib, li sitèlman
renmen nou, **5** li ban nou lavi ankò ansanm ak Kris la,
nou menm ki te mouri akòz peche nou yo. Se yon favè
Bondye fè nou lè li delivre nou. **6** Ansanm ak Kris la,
Bondye fè nou leve soti nan lanmò, li fè nou chita jouk
anwo nan syèl la ansanm ak li tou. **7** Li fè tou sa pou
moutre pou tout tan ki gen pou vini yo jan li renmen nou
anpil anpil, jan li aji byen avèk nou nan Jezikri. **(aiōn g165)**
8 Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm
ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm
menm, se yon kado Bondye ban nou. **9** Non, nou pa fè
anyen pou sa. Konsa, pesonn pa ka vante tèt yo. **10** Se
Bondye ki fè nou. Nan Jezikri li kreye nou pou nou ka fè
anpil bon zèv nan lavi nou, dapre sa li te pare davans pou
nou te fè. **11** Nou menm ki pa t' fèt nan ras jwif la, jwif yo
te rele nou moun ki pa sikonsi, menm jan yo te rele tèt yo
moun ki sikonsi. Yo t'ap gade sou mak lèzòm fè sou kò yo
ak men yo. Wi, nou menm moun lòt nasyon yo, chonje sa
nou te ye nan tan lontan. **12** Lè sa a, nou t'ap viv byen
lwen Kris la, nou te tankou etranje, nou pa t' fè pati pèp
Bondye te chwazi pou li a. Nou pa t' nan kontra Bondye te
fè ak pèp li a dapre sa l' te pwomèt la. Nou t'ap viv sou
latè san okenn espwa, san Bondye. **13** Men koulye a, nan
Jezikri, nou menm ki yon lè t'ap viv lwen Bondye, nou vin
toupre l', gremesi san Kris la ki koule lè li mouri pou nou
an. **14** Paske, se li menm k'ap fè nou byen yonn ak lòt, li
fè moun lòt nasyon yo fè yon sèl pèp ansanm ak jwif yo.
Avèk pwòp kò li, li kraze miray ki te separe yo epi ki te
fè yo yonn lènmi lòt. **15** Li aboli lalwa Moyiz la ansanm
ak kòmandman l' yo ak tout regleman l' yo. Li pran de
pèp sa yo, li fè yo tounen yon sèl pèp tou nouvo k'ap viv
ansanm nan li. Se konsa li fè nou byen yonn ak lòt. **16**
Avèk lanmò Kris la sou kwa a, li wete sa ki t'ap fè de pèp

sa yo yonn rayi lòt, li fè yo tou de vin byen ak Bondye, li
mete yo ansanm yonn ak lòt nan yon sèl kò. **17** Wi, Kris
la te vini, li anonse bon nouvèl k'ap mete lapè a ni pou
moun lòt nasyon yo ki te lwen Bondye, ni pou jwif yo ki te
toupre Bondye. **18** Paske, gremesi Kris la, nou tout, kit
nou jwif kit nou pa jwif, nou ka pwoche bò kot Papa a,
nan pouvwa yon sèl ak menm Sentespri a. **19** Se sak fè,
nou menm moun lòt nasyon yo, nou pa etranje ankò, ni
moun ki depasaj. Men, se sitwayen nou ye ansanm ak
tout moun nan pèp Bondye a, nou fè pati fanmi Bondye a.
20 Nou menm moun lòt nasyon yo, nou se kay Bondye ap
bati sou fondasyon apòt yo ak pwofèt yo te poze a, men
se Jezikri menm ki gwo wòch ki kenbe kay la kanpe a. **21**
Se li menm ki kenbe tout kò kay la kanpe byen fèm, ki fè l'
grandi pou l' tounen yon sèl kay yo mete apa pou Bondye.
22 Konsa, nou menm tou avèk lavi n'ap mennen nan Kris
la, nou antre nan batisman sa a pou nou fè ansanm ak lòt
yo yon sèl kay kote Bondye ap viv ak pouvwa Sentespri li.

3 Se poutèt sa, mwen menm Pòl ki nan prizon poutèt
Kris la pou byen nou, nou menm ki pa jwif, m'ap lapriyè
pou nou devan Bondye. **2** Mwen kwè nou konnen deja
ki jan Bondye, nan bon kè l', te ban m' travay sa a pou
m' te fè pou nou. **3** Bondye devwale m' sekrè travay li
a, pou m' te ka konnen plan li te gen sere nan kè li. Se
sou plan sa a mwen deja ekri nou kèk mo pi wo a. **4** Lè
n'a li yo, n'a kapab gen yon lide ki jan mwen konprann
sekrè Kris la. **5** Nan tan lontan Bondye pa t' devwale plan
travay sa a bay ankenn moun sou latè, men koulye a, ak
pouvwa Sentespri a, li devwale l' bay moun li mete apa
pou sèvi l' apòt ak pwofèt. **6** Men sekrè a: Nan Jezikri, ak
pouvwa bon nouvèl la, moun ki pa jwif yo gen pou resevwa
ansanm ak jwif yo pòsyon pa yo nan byen Bondye a. Yo
se manm yon menm kò ansanm ak jwif yo, y'ap jwenn pa
yo ansanm ak yo tou nan menm pwomès Bondye te fè a.
7 Kifè m'ap sèvi bon nouvèl sa a, se paske Bondye nan
bon kè l' fè m' yon favè, li fè pouvwa li travay nan mwen.
8 Mwen pi pitit pase moun ki pi pitit nan tout pèp Bondye
a. Men atousa, se mwen menm Bondye bay privilèj sa a,
pou m' fè moun lòt nasyon yo konnen bon nouvèl richès
Kris la, richès moun p'ap janm fin konprann. **9** Li ban m'
privilèj sa a pou m' fè tout moun wè aklè ki jan plan travay
Bondye te sere nan kè li a ap reyalize, paske Bondye ki
kreye tout bagay te kenbe plan sa a nan kè l' depi lontan.
(aiōn g165) **10** Men koulye a, avèk legliz la, tout chèf ak
tout otorite ki nan syèl la pral rive konnen bon konprann
Bondye a sou tout fòm li yo. **11** Bondye aji konsa dapre
plan ki te la depi lontan an. Se plan sa a li reyalize nan
Jezikri, Seyè nou an. **(aiōn g165)** **12** Ak lavi n'ap mennen
ansanm nan Kris la, gremesi konfyans nou gen nan li
a, nou lib pou nou pwoche devan Bondye san kè sote.
13 Se sak fè, mwen mande nou pou nou pa dekouraje
poutèt soufrans m'ap sibi pou nou yo, paske se yon bèl
avantaj sa ye pou nou. **14** Wi, se poutèt sa, mwen tonbe
ajenou devan Papa a, **15** ki bay tout fanmi ki nan syèl la
ak sou latè a non yo. **16** M'ap mande Bondye pou li ban
nou, dapre richès pouvwa li a, fòs ak kouraj nan kè nou,
pa mwayen pouvwa Sentespri a, pou nou ka grandi nan
karaktè nou, **17** pou Kris la rete nan kè nou ak konfyans
nou gen nan li a. M'ap mande Bondye pou nou pouse
rasin, pou nou chita byen fèm nan renmen, **18** pou nou ka
konprann, ansanm ak tout pèp Bondye a, jan renmen Kris
la laj, jan li long, jan li fon, jan li wo. **19** Wi, mwen mande
pou nou rive konnen kalite renmen Kris la gen pou nou,
atout pesonn p'ap janm ka rive konnen l' nèt. Konsa, n'a
vin plen nèt ak tou sa ki nan Bondye. **20** Tout lwanj lan se
pou Bondye. Paske, ak pouvwa k'ap travay nan nou an, li
kapab fè pi plis pase tou sa nou ka mande, pi plis pase
tou sa nou ka mete nan lide nou. **21** Wi, tout lwanj lan
pou Bondye nan legliz la ak nan Jezikri, pou tout tan ak
pou tout tan. Amèn. Se sa menm! **(aiōn g165)**

4 Se sa ki fè, mwen menm ki nan prizon poutèt Seyè
a, m'ap mande nou pou nou viv yon jan ki konfòm ak
jan Bondye te rele nou pou n' viv la. **2** Pa janm vante
tèt nou. Aji avèk dousè ak pasyans ak tout moun. Se
pou nou yonn sipòte lòt avèk renmen nan kè nou. **3**
Sentespri a mete nou ansanm. Se pou nou fè tou sa nou
kapab pou nou ka toujou fè yon sèl kò, pou nou viv ak kè
poze ansanm yonn ak lòt. **4** Gen yon sèl kò ak yon sèl
Sentespri, konsa tou se yon sèl Bondye a ki rele nou pou
nou gen yon sèl espwa. **5** Gen yon sèl Seyè, yon sèl
konfyans, yon sèl batèm. **6** Gen yon sèl Bondye, ki papa
nou tout, k'ap dominen sou nou tout, k'ap aji nan nou tout,
ki nan nou tout. **7** Nou chak nou resevwa yon kado apa,
dapre sa Kris la te bay la, **8** jan sa ekri nan Liv la: Lè li
moute anwo, li mennen anpil prizonye ak li, li bay lèzòm
anpil kado. **9** Enben, kisa sa vle di: Li moute anwo? Sa
vle di, li te desann anvan sa jouk kote ki pi fon anba tè
a. **10** Moun ki te desann lan, se li menm tou ki te moute
anwo nan syèl la, pou l' te kapab plen tou sa ki egziste ak
presans li. **11** Se li menm ki fè lèzòm kado divès pouvwa.
Li bay kèk ladan yo pouvwa pou sèvi apòt, li bay lòt ladan
yo pouvwa pou sèvi pwofèt, li bay lòt ankò pouvwa pou
anonse bon nouvèl la, li bay dòt ankò pouvwa pou sèvi
tankou pastè ak dirèktè. **12** Konsa, li byen òganize pèp
Bondye a pou yo chak fè travay sèvis yo, pou kò Kris
la ka grandi nan konfyans. **13** Li fè sa konsa pou nou
tout ansanm nou ka rive fè yon sèl kò nan konfyans nou
genyen an ak nan konesans Pitit Bondye a. Konsa, nou
tout ansanm nou ka vin granmoun ki byen devlope, dapre
dènye mezi devlòpman Kris la ki bon nèt. **14** Lè sa a, nou
p'ap viv tankou timoun ankò, tankou moun k'ap chanje
lide fasil, ki kite kouran nenpòt doktrin trennen yo ale, ki
tankou jwèt nan men bann rize sa yo ki konn ki jan pou yo
pran tèt moun nan bay manti. **15** Okontrè, ann pale verite
a avèk renmen nan kè nou, konsa n'a ka grandi nan tout
sans nan Kris la ki chèf kò a. **16** Gremesi Kris la, tout pati
nan kò a byen òganize, yo tout byen mare yonn ak lòt
nan jwenti yo. Konsa, lè chak pati fè sa yo gen pou yo fè
a, tout kò a ap grandi, l'ap devlope nan renmen. **17** Se
sa ki fè, men sa m'ap di nou, men sa m'ap deklare nou

nan non Seyè a: Sispann viv tankou moun ki pa konn
Bondye epi k'ap swiv lide pa yo ki pa vo anyen. 18 Lespri
yo bouche, yo p'ap viv lavi Bondye bay la, paske yo pa
konn anyen, kè yo fin di. 19 Yo san wont konsa, yo lage
kò yo nan tout kalite vis, yo pran plezi yo nan fè tout kalite
vye bagay sal san rete. 20 Men nou menm, se pa konsa
yo te fè nou konnen Kris la, 21 si tout bon vre nou te
tande pale sou Kris la, si tout bon vre yo te moutre nou
verite a jan l' ye nan Jezi, lè nou te mete konfyans nou
nan li a. 22 Se sa ki fè, se pou nou chanje vye karaktè sa
a ki t'ap fè nou viv jan nou t'ap viv nan tan lontan an,
vye moun sa a ki te fin pèvèti nèt ak vye dezi l' yo ki t'ap
twonpe nou. 23 Se pou nou chanje nèt ni nan kè nou ni
nan lespri nou. 24 Se pou nou vin yon lòt kalite moun jan
Bondye vle l' la, pou nou sanble ak li pou nou ka mennen
yon lavi ki dwat, yon lavi ki apa pou Bondye, jan verite a
mande l' la. 25 Se poutèt sa, sispann bay manti. Se pou
nou di verite lè n'ap pale ak frè nou, paske nou tout se
manm yon sèl kò nou ye. 26 Si nou ankòlè, veye kò nou
pou kòlè a pa fè nou fè sa ki mal. Pa al dòmi ak kòlè nan
kè nou. 27 Pa bay Satan pye sou nou. 28 Se pou moun ki
te konn vòlò sispann vòlò. Okontrè, se pou l' travay di ak
men l' san fè move konbinezon, pou l' sa gen dekwa bay
moun ki nan bezwen. 29 Pa kite ankenn move pawòl soti
nan bouch nou. Pale bon koze ki ka ede lòt yo grandi nan
konfyans Bondye, koze ki ka ede yo lè yo nan move pa.
Konsa, se yon byen n'a fè pou moun k'ap tande nou yo.
30 Pa fè Sentespri Bondye a lapenn, paske Lespri a se
mak letanp Bondye sou nou, li ban nou garanti Bondye
ap fin delivre nou lè jou a va rive. 31 Piga yo jwenn nan
mitan nou moun ki kenbe lòt nan kè yo, moun ki gen san
wo, moun ki renmen fè kòlè. Piga yo tande woywoy ak
joure nan mitan nou. Nou pa fèt pou gen okenn lòt kalite
mechanste k'ap fèt nan mitan nou. 32 Okontrè, se pou
nou aji byen yonn ak lòt, se pou nou gen bon kè yonn
pou lòt, pou nou yonn padonnen lòt, menm jan Bondye te
padonnen nou nan Kris la.

5 Se sa ki fè, paske nou se pitit Bondye renmen anpil,
se pou nou chache fè tankou Bondye fè. 2 Se pou
nou viv ak renmen nan kè nou, menm jan Kris la te fè l' la,
li menm ki te renmen nou, ki te bay lavi l' pou nou tankou
yon ti mouton yo ofri pou touye pou Bondye, ofrann k'ap fè
Bondye plezi ak bon sant li. 3 Paske nou se pèp Bondye
a, sa pa bon pou nou menm louvri bouch nou pale sou
dezòd lachè, sou bagay ki sal ak vye dezi. 4 Sa pa bon
non plis pou nou kite gwo mo, pawòl san sans ak mo
sal soti nan bouch nou. Bagay konsa pa dakò ak sa nou
ye. Okontrè, se pou nou lapriyè pou di Bondye mèsi. 5
Paske, konnen sa byen: okenn moun ki nan dezòd lachè,
osinon ki nan lenkondite, osinon ki renmen lajan (moun
konsa se tankou moun k'ap sèvi zidòl), okenn nan moun
sa yo p'ap gen pòsyon eritaj nan peyi kote Bondye ak Kris
la wa a. 6 Pa kite pesonn twonpe nou ak pawòl san sans
yo: se poutèt bagay sa yo menm kòlè Bondye tonbe sou
moun ki refize obeyi l' yo. 7 Nou pa gen anyen pou nou
wè ak moun konsa. 8 Nan tan lontan, nou te nan fènwa.
Men koulye a, paske n'ap viv ansanm nan Seyè a, nou
nan limyè. Se sa ki fè, fòk nou mennen tèt nou tankou
moun k'ap viv nan limyè a. 9 Paske, limyè a fè moun fè
bagay ki bon, bagay ki dwat ak bagay ki vre. 10 Chache
konnen sa k'ap fè Seyè a plezi. 11 Nou pa gen anyen pou
nou wè ak moun k'ap viv nan fènwa, moun k'ap fè bagay
ki p'ap rapòte anyen. Okontrè, denonse yo pou sa yo ye.
12 Bagay moun sa yo ap fè an kachèt, se yon wont menm
pou pale sou sa. 13 Men, lè ou mete tout bagay sa yo
aklè nan limyè, lèzòm va wè sa yo ye tout bon. 14 Paske,
tout bagay ki parèt aklè tounen limyè. Se poutèt sa yo di:
Leve non, ou menm k'ap dòmi an, leve soti nan mitan mò
yo. Kris la va klere ou. 15 Se sa ki fè, konnen ki jan pou
n' mennen tèt nou! Pa mennen tèt nou tankou moun ki
sòt, men tankou moun ki gen konprann. 16 Pa kite okenn
okazyon pase pou fè sa ki byen. Paske, jou sa yo n'ap viv
la a pa bon menm. 17 Se poutèt sa, pran tèt nou byen,
chache konnen sa Seyè a vle nou fè. 18 Pa soule tèt nou
ak diven, sa ka mennen nou nan deboòch. Okontrè, plen
kè nou ak Sentespri. 19 Lè n'ap pale yonn ak lòt, sèvi ak
pawòl ki nan sòm yo, nan kantik yo, ak nan chante Lespri
Bondye a moutre nou. Chante kantik ak sòm pou Seyè a
lè n'ap fè lwanj li ak tout kè nou. 20 Nan non Seyè nou
an, Jezikri, se tout tan pou n'ap di Bondye Papa a mèsi
pou tout bagay. 21 Se pou nou yonn soumèt devan lòt
pa respè pou Kris la. 22 Nou menm, medam yo, soumèt
devan mari nou tankou nou soumèt devan Seyè a. 23
Paske, yon mari se chèf madanm li menm jan Kris la se
chèf legliz la. Se Kris la menm ki delivre legliz la ki kò li.
24 Konsa, se pou medam yo soumèt devan mari yo menm
jan legliz la soumèt devan Kris la. 25 Nou menm, mari yo,
se pou nou renmen madanm nou menm jan Kris la te
renmen legliz la, jouk li te asepte mouri pou li. 26 Li te fè
sa pou li te ka mete legliz la apa pou Bondye. Li lave
legliz la nan dlo ak nan pawòl li. 27 Paske, li te vle pou
legliz la parèt devan l' nan tout bèl pouvwa li, byen pwòp,
san okenn defo, ni okenn tach, ni okenn pli, ni okenn
mank. 28 Se pou mari yo renmen madanm yo menm jan
yo renmen pwòp tèt pa yo. Yon nonm ki renmen madanm
li, li renmen pwòp tèt pa li tou. 29 Pesonn pa janm rayi kò
li. Okontrè, li ba l' manje, li pran swen l', tankou Kris la ap
fè sa pou legliz la 30 paske nou se manm kò li. 31 Jan sa
ekri nan Liv la: Se poutèt sa, gason an va kite papa l' ak
manman l', pou l' mete tèt li ak madanm li, pou tou de fè
yon sèl. 32 Se yon gwo verite wi Bondye fè nou konnen
nan pawòl sa a. Mwen menm, mwen kwè verite sa a se
pou Kris la ak legliz la. 33 Men, li bon pou nou tou: se pou
chak mari renmen madanm yo tankou yo renmen tèt pa
yo, epitou se pou chak madanm respekte mari yo.

6 Timoun, se devwa nou tankou moun ki kwè nan Seyè
a pou n' obeyi papa nou ak manman nou, paske sa se
yon bagay ki dwat devan Bondye. 2 Respekte papa ou
ak manman ou. Sa se premye kòmandman ki gen yon

pwomès dèyè l': **3** Pou nou ka viv lontan ak kè kontan
sou latè. **4** Kanta nou menm, manman ak papa, pa aji ak
timoun nou yo yon jan pou eksite yo. Men, ba yo bon
levasyon, korije yo, pale ak yo dapre prensip Seyè a. **5**
Nou menm domestik, obeyi mèt nou gen sou latè a avèk
respè, avèk krentif, ak tout kè nou menm jan nou ta sèvi
Kris la. **6** Se pa sèlman lè yo la ap gade nou pou nou
aji konsa, tankou moun k'ap achte figi. Lekontrè, fè sa
Bondye vle nou fè a ak tout kè nou, tankou moun k'ap
sèvi Kris la. **7** Fè travay nou ak kè kontan, tankou si se
pa pou moun nou t'ap travay, men pou Seyè a. **8** Paske
chonje byen: kit yon moun esklav, kit li lib, li gen pou l'
resevwa sa ki pou li nan men Seyè a, dapre bon travay li
fè a. **9** Nou menm mèt, se pou n' aji menm jan an tou ak
moun k'ap sèvi nou yo. Pa fè yo okenn menas. Toujou
chonje ni nou menm, ni domestik nou yo, nou gen yon
sèl Mèt nan syèl la, ki pa gade sou figi moun. **10** Pou
fini, chache fòs nou nan lavi n'ap mennen ansanm ak
Seyè a ak nan gwo pouvwa li. **11** Pran mete sou nou tout
kalite zam Bondye ban nou pou nou ka kenbe tèt anba
riz Satan. **12** Paske, se pa ak moun nou gen pou nou
goumen. Men, se ak move lespri ki nan syèl la, ak chèf,
ak pouvwa, ak otorite k'ap gouvènen nan fènwa ki sou
latè a. **(aiōn g165)** **13** Se poutèt sa, depi koulye a, pran tout
zam Bondye bay yo. Konsa, lè move jou a va rive, n'a ka
kenbe tèt ak lènmi an. Lè batay la va fini nèt, n'a kanpe
la byen fèm nan pozisyon nou toujou. **14** Pare kò nou:
mare verite a tankou yon sentiwon nan ren nou. Pwoteje
nou ak jistis Bondye a tankou plak pwotèj sòlda yo mete
sou lestonmak yo pou pwoteje yo. **15** Pou soulye nan
pye nou, mete aktivite pou anonse bon nouvèl k'ap fè
moun viv ak kè poze a. **16** Toujou pran konfyans nou
gen nan Bondye a tankou yon defans ki va penmèt nou
pare tout flèch Satan an ap voye tou limen sou nou. **17**
Resevwa pouvwa Bondye k'ap delivre nou an tankou yon
kas an fè nan tèt nou. Asepte pawòl Bondye a tankou yon
nepe Sentespri a ban nou. **18** Pandan n'ap fè tou sa,
pa janm bliye lapriyè. Mande Bondye konkou li. Lapriyè
nan tout sikonstans avèk pouvwa Sentespri a. Se poutèt
sa, pa kite dòmi pran nou, kenbe fèm nan sa n'ap fè a.
Lapriyè pou tout pèp Bondye a. **19** Lapriyè pou mwen
tou, pou Bondye ka mete pawòl nan bouch mwen lè m'a
gen pou m' pale, pou m' ka pale avèk lasirans, pou moun
ka rive konnen sekrè ki nan bon nouvèl la. **20** Nou mèt
wè m' nan prizon koulye a, se Bondye ki ban m' misyon
fè konnen bon nouvèl la. Lapriyè pou mwen pou m' ka
pale avèk lasirans, jan m' dwe fè l' la. **21** Tichik, frè nou
renmen anpil la epi ki yon bon sèvitè nan travay Seyè a,
va ban nou tout nouvèl mwen, pou nou ka konnen jan
zafè m' ap mache. **22** M'ap voye l' tout espre pou l' sa di
nou kouman mwen ye, pou nou pa fin dekouraje, pou
sa remoute kouraj nou. **23** Mwen mande Bondye, Papa
a, ansanm ak Jezikri, Seyè a, pou yo bay tout frè yo kè
poze, renmen ak konfyans nan Bondye. **24** benediksyon
Bondye pou tout moun ki renmen Jezikri, Seyè nou an, ak
yon renmen ki p'ap janm fini.

Filip

1 Se mwen menm Pòl ak Timote, de sèvitè Jezikri, k'ap
ekri lèt sa a voye bay tout pèp Bondye nan lavil Filip la
k'ap viv ansanm nan Jezikri. Lèt sa a se pou tout moun ki
chèf nan legliz la ak pou tout dyak yo tou. **2** Nou mande
Bondye, Papa nou, ansanm ak Jezikri, Seyè a, pou yo
ban nou benediksyon ak kè poze. **3** Mwen di Bondye
mwen an mèsi pou nou chak fwa lide m' frape sou nou.
4 Chak fwa m'ap lapriyè tou pou nou, mwen fè l' ak kè
kontan, **5** poutèt jan nou te ede m' gaye bon nouvèl la,
depi premye jou a jouk koulye a. **6** Mwen sèten Bondye
ki te konmanse bon travay sa a nan nou, li gen pou l'
kontinye l' jouk li va fini l' nèt, lè jou Jezikri a va rive. **7** Se
tou nòmal pou m' fè lide konsa sou nou, paske nou toujou
nan lespri m', nou tout ki kanpe la avè m' nan tout favè
Bondye fè m', kit lè mwen nan prizon tankou koulye a,
kit lè mwen te lib pou m' defann bon nouvèl la, pou m'
moutre se laverite li ye. **8** Mwen pran Bondye sèvi m'
temwen, sa m'ap di nou la a se vre wi. Mwen renmen
nou tout anpil anpil avèk renmen ki soti nan Jezikri. **9**
Lè m'ap lapriyè Bondye, mwen mande l' pou nou gen
plis renmen toujou, ak bonkou konesans pou nou ka rive
konprann tout bagay, **10** pou nou ka toujou chwazi sa ki pi
bon. Konsa, n'a mennen yon lavi ki pwòp, yo p'ap jwenn
anyen pou repwòche nou lè Kris la va vini. **11** Konsa,
Jezikri va fè nou fè anpil bagay ki dwat epi ki bon, pou sa
ka sèvi yon lwanj ak yon bèl bagay pou Bondye. **12** Frè
m' yo, mwen vle nou konn sa byen: Tout bagay sa yo
ki rive m' lan, yo pi fè travay predikasyon bon nouvèl la
mache pase yo fè lòt bagay. **13** Se konsa, tout gad palè
yo ansanm ak tout lòt moun yo konnen se paske m'ap
sèvi Kris la kifè m' nan prizon. **14** Frè yo menm, bò pa
yo, lè yo wè m' nan prizon an, pifò ladan yo vin gen plis
konfyans toujou nan Seyè a. Sa ba yo plis kouraj koulye a
pou fè konnen pawòl Bondye a san yo pa pè anyen. **15**
Gen ladan yo k'ap fè konnen Kris la paske jalouzi moute
yo nan tèt, yo ta renmen ban m' traka. Se vre. Men, gen
lòt tou k'ap fè l' ak bon lide nan tèt yo. **16** Se renmen
Bondye a k'ap pouse yo fè l', paske yo konnen se Bondye
menm ki ban m' travay sa a pou m' ka defann bon nouvèl
la. **17** Men, lòt yo ap fè konnen Kris la ak move lide dèyè
tèt yo, y'ap fè l' pou lanbisyon pèsonèl pa yo. Y'ap fè l'
pou chache m' kont. Yo konprann yo ka fè m' lapenn
antan m' nan prizon an. **18** Men, sa pa fè m' anyen. Kit
yo gen bon lide, kit yo gen move lide, tout jan se Kris la
y'ap fè konnen. Epi sa fè kè m' kontan. M'ap pi kontan
toujou, **19** paske mwen konnen tout bagay sa yo pral vire
anbyen pou mwen, gremesi lapriyè n'ap fè pou mwen
ak lasistans Lespri Jezikri a ap ban mwen. **20** Paske,
mwen ta renmen pou m' pa soti wont nan anyen. Se la
tout espwa m' pou m' ka pale ak kouraj, pou jòdi a tankou
anvan lèzòm ka wè pouvwa Kris la nan mwen, kit mwen
vivan, kit mwen mouri. **21** Paske pou mwen, lavi se Kris
la. Se poutèt sa lanmò se yon gany pou mwen. **22** Men, si
antan m'ap viv sou tè a toujou, mwen ka fè kèk travay
ankò pou Seyè a, nan ka sa a, mwen pa konn sa m' pito.
23 Mwen ta renmen fè tou de: Mwen ta renmen mouri pou
m' ta avè Kris la. Sa ta pi bon anpil pou mwen. **24** Men, li
ta pi bon pou nou pou m' rete viv sou latè. **25** Mwen sèten
se sa k'ap rive menm. Se poutèt sa, mwen konnen mwen
gen pou m' rete, pou m' ka viv ansanm ak nou, pou m'
ede nou grandi, pou m' ka fè nou kontan nan konfyans
nou gen nan Bondye. **26** Konsa, lè m'a tounen bò kote
nou, m'a ban nou yon bèl okazyon pou nou kontan nan
lavi n'ap mennen ansanm nan Kris la. **27** Sèl bagay ki
konsekan se pou nou viv yon jan ki konfòm ak bon nouvèl
Kris la. Konsa, mwen ta mèt rive vin wè nou, mwen ta mèt
pa kapab, se pou m' tande jan n'ap kenbe fèm, jan n'ap
viv ansanm yonn ak lòt. Se pou m' tande jan n'ap mennen
batay la ansanm pou defann konfyans bon nouvèl la fè
nou gen nan Bondye. **28** Pa kite okenn lènmi kraponnen
nou. Se pou tout bagay sa yo sèvi tankou yon prèv pou fè
lènmi yo wè se pèdi y'ap pèdi tèt yo. Men, pou nou menm,
yo fè wè se delivre n'ap delivre. Sa se travay Bondye. **29**
Paske nou menm k'ap sèvi Kris la, Bondye ban nou favè
sa a, non sèlman pou nou gen konfyans nan li, men pou
nou ka soufri avè li tou. **30** Batay n'ap mennen an, se
menm batay la m'ap mennen tou. Se menm batay nou te
wè m'ap mennen nan tan lontan an. Se li menm m'ap
mennen jouk koulye a, jan nou konnen an.

2 Konsa, si se nan Kris la nou jwenn fòs kouraj nou tout
bon vre, si se renmen li renmen nou an ki ban nou
ankourajman tout bon vre, si Sentespri l' rete nan kè nou
tout bon vre, si tout bon vre nou yonn renmen lòt, si nou
sansib yonn pou lòt, **2** enben, men sa m'ap mande nou:
Fè kè m' kontan nèt. Se pou nou viv byen yonn ak lòt,
se pou nou yonn renmen lòt menm jan an, pou nou tout
gen yon sèl lide nan tèt nou ak yon sèl santiman nan kè
nou. **3** Pa fè anyen nan lide pou fè tèt nou pase pou pi
bon, ni pou fè lwanj tèt nou. Men, soumèt nou devan
Bondye. Mete nan tèt nou lòt yo pi bon pase nou. **4** Piga
pesonn chache enterè pa l' ase. Se pou l' chache sa ki
bon pou lòt yo tou. **5** Se pou nou yonn gen pou lòt menm
santiman ki te nan Jezi, Kris la. **6** Sa Bondye ye a, se sa
l' te toujou ye. Men, li pa t' janm konsidere sa tankou yon
avantaj pou l' te chache kenbe ak tout fòs. **7** Okontrè, se
li menm pou tèt pa l' ki chwazi mete sa sou kote. Li te pito
tounen yon domestik. Li pran fòm yon moun, li vin tankou
tout moun. **8** Li rabese tèt li. Tankou yon moun, li soumèt
devan Bondye. Li obeyi Bondye jouk li rive asepte mouri,
wi jouk li asepte mouri sou kwa a. **9** Se poutèt sa, Bondye
leve l' mete chita kote ki pi wo a. Li ba li yon non ki pi gran
pase tout lòt non. **10** Konsa, tou sa ki nan syèl la, tou sa ki
sou tè a ak anba tè a, yo tout va mete jenou yo atè devan
Jezi pa respè pou non Bondye te ba li a. **11** Tout moun
va rekonèt Jezikri se Seyè a. Sa va sèvi yon lwanj pou
Bondye Papa a. **12** Se konsa, zanmi m' yo, nou tout nou
te toujou obeysan lè m' te la avèk nou. Koulye a m' pa la
ankò, se lè sa a pou n' pi obeyisan: toujou fè jefò pou nou

ka fin sove nèt, avèk krentif pou Bondye, avèk soumisyon
devan li. 13 Paske, se Bondye menm k'ap travay tout tan
nan kè nou. Se li ki ban nou anvi fè sa ki pou fè l' plezi
ansanm ak fòs pou nou ka fè l' vre. 14 Nan tou sa n'ap fè,
pa plenyen, pa diskite, 15 pou yo pa jwenn anyen pou yo
repwoche nou, pou nou ka fè sa ki byen tankou bon pitit
Bondye, antan n'ap viv nan mitan bann moun malonèt ak
bann mechan sa yo ki sou latè. Se pou nou klere nan
mitan yo tankou zetwal nan syèl la, 16 lè n'ap ba yo mesaj
ki bay lavi a. Konsa, n'a fè kè m' kontan lè jou Kris la
va rive. Paske, m'a konnen mwen pa t' fatige kò m' pou
gremesi, mwen pa t' travay mal. 17 Menm si mwen dwe
ofri lavi m', menm si san m' ta gen pou l' koule pou wouze
ofrann n'ap fè pou Bondye paske nou gen konfyans nan
li a, m'ap kontan anpil, epi m'ap fè kè nou tout kontan
ansanm avè mwen. 18 Konsa, nou menm tou, se pou nou
kontan, se pou nou fè kè m' kontan ansanm avè nou tou.
19 Si se volonte Seyè Jezi, mwen fè lide voye Timote kote
nou anvan lontan, pou lè m' pran nouvèl nou sa ka ban m'
ankourajman. 20 Timote se sèl moun ki gen menm lide
avè m', ki vle wè byen nou. Mwen pa gen lòt. 21 Tout lòt
yo, se zafè pa yo ase y'ap regle, yo p'ap defann kòz Kris
la. 22 Nou menm tou nou konnen jan Timote se yon nèg
serye. Tankou papa ak pitit nou travay ansanm pou bon
nouvèl la. 23 Mwen fè lide voye l' kote nou lè m'a fin wè ki
jan sa ap pase pou mwen. 24 Men, mwen gen konfyans
sa a nan Bondye: m'a ka vin wè nou anvan lontan. 25
Konsa tou, nou chonje Epafwodit, frè nou an, ki te travay
ansanm avè m', ki te la avè m' nan tout batay. Se nou
menm ki te voye l' vin ban m' konkou. Enben, mwen wè
se nesesè pou m' voye l' tounen ban nou. 26 Se pa ti anvi
li anvi wè nou. Sa te travay tèt li anpil dèske nou te vin
konnen jan l' te malad. 27 Li te malad anpil, se vre. Li
manke mouri. Men, Bondye te gen pitye pou li. Pa pou
li sèlman, men pou mwen menm tou, pou sa pa t' ban
mwen plis lapenn ankò. 28 Se poutèt sa mwen pi anvi
voye li bò kote nou pou nou ka kontan lè n'a wè l' ankò,
epi pou m' ka gen mwens lapenn. 29 Konsa, resevwa l' ak
kè kontan tankou yon frè nan Seyè a. Se pou nou gen
anpil respè pou moun ki tankou Epafwodit, 30 paske li te
prèt pou mouri pou travay Kris la, li riske lavi l' pou l' te ka
ban mwen konkou nou menm nou pa t' kapab ban mwen.

3 Koulye a, frè m' yo, fè kè nou kontan nan Seyè a. Pou
mwen, sa pa fè m' anyen pou m' repete sa m' te voye
di nou deja. Men, se nan avantaj nou. 2 Veye kò nou ak
moun k'ap plede fè sa ki mal yo. Veye kò nou ak bann
chen sa yo ki vle fè yo sikonsi nou. 3 Si gen moun ki
sikonsi tout bon, se pa yo, se nou menm. Paske nou
menm, n'ap sèvi Bondye ak Lespri Bondye a, nou kontan
dèske n'ap viv ansanm ak Jezikri. Nou pa mete konfyans
nou nan sa lèzòm ap fè. 4 Mwen ta ka mete konfyans
mwen nan bagay konsa tou, si m' te vle. Si gen moun ki
kwè yo ka mete konfyans yo nan sa lèzòm ap fè, mwen pi
ka fè l' pase yo. 5 Mwen te gen wit jou depi m' te fèt lè yo
sikonsi mwen. Mwen se yon moun Izrayèl natif natal, nan
branch fanmi Benjamen, pitit pitit Ebè san (100) pou san
(100). Sou keksyon lalwa Moyiz la menm, se pa pale: se
farizyen mwen te ye. 6 Mwen te sitèlman yon patizan
fanatik lalwa a, mwen te menm rive pèsekite legliz la. Si
yon moun te ka bon paske li fè sa lalwa a mande, enben
mwen te bon nèt ale. 7 Men, si yon lè mwen te konsidere
tout bagay sa yo tankou yon garanti, koulye a yo pa vo
anyen pou mwen, akòz Kris la. 8 Men, se pa sa sèlman.
Se tout bagay menm ki pa vo anyen pou mwen, lè m'
konpare yo ak gwo avantaj mwen genyen lè m' konnen
Jezikri tankou Seyè mwen. Poutèt li, mwen voye tout
bagay jete, mwen gade yo tankou fatra pou m' sa gen Kris
la, 9 pou m' ka viv ansanm avè l' nèt ale. Konsa, mwen
pa gen pretansyon mwen bon paske mwen fè sa lalwa
a mande. Men, Bondye fè m' gras paske mwen mete
konfyans mwen nan Kris la. Wi, Bondye fè tout moun ki
mete konfyans yo nan li gras. 10 Se yon sèl bagay mwen
bezwen: se konnen pou m' konnen Kris la, pou m' santi
nan mwen pouvwa ki te fè l' leve soti vivan nan lanmò a,
pou m' soufri ansanm avè l' nan soufrans li yo, pou m' rive
mouri tankou li tou, 11 avèk espwa, mwen menm tou m'a
gen pou m' leve soti vivan nan lanmò. 12 Mwen pa gen
pretansyon mwen rive deja kote m' prale a, ni mwen poko
fin bon nèt. Men, m'ap kouri sou kous mwen pou m' wè si
m' ka mete men sou kote m' dwe rive a, paske Jezikri pou
tèt pa l' fin mete men sou mwen deja. 13 Se vre wi, frè
m' yo. Mwen pa kwè mwen deja mete men m' sou kote
m' dwe rive a. Men, mwen gen yon sèl bagay pou m' fè,
se pou m' bliye tou sa ki dèyè m' pou m' fè jefò pou m'
mete men m' sou sa ki devan m' lan. 14 Konsa, m'ap
kouri dwat devan m' sou mak kote m' prale a, pou m' ka
jwenn rekonpans Bondye rele m' vin resevwa nan syèl la,
gremesi Jezikri. 15 Nou tout ki byen grandi nan lafwa, se
menm lide sa a pou n' gen nan tèt nou tou. Men, si gen
moun pami nou ki gen lòt lide sou kèk pwen, Bondye va
fè yo wè pi klè sou sa. 16 Nenpòt jan sa ye, ann mache
toujou jan n' te konmanse a. 17 Nou tout frè m' yo, pran
egzanp sou mwen. Kenbe je nou fiske sou moun k'ap
swiv egzanp mwen te bay la. 18 Paske, gen anpil moun
k'ap viv tankou moun ki pa vle tande pale jan Kris la mouri
sou kwa a. Mwen te deja di nou sa, koulye a m'ap di nou
sa ankò ak dlo nan je mwen: 19 Moun sa yo ap rive fin
detwi tèt yo. Se vant yo ki bondye yo. Yo pran plezi yo
nan bagay ki pou ta fè yo wont pito. Se bagay lemonn ase
ki nan tèt yo. 20 Men nou menm, nou se sitwayen peyi
ki nan syèl la. Se tann n'ap tann Delivrans nou, Jezikri,
Seyè a, ki gen pou desann sot nan syèl la. 21 Se li menm
k'ap pran pouvwa li genyen pou soumèt tout bagay anba
men l' lan, l'ap chanje vye kò tou fèb nou yo pou l' fè yo
tounen tankou kò pa l' la ki gen bèl pouvwa.

4 Se pou sa, frè m' yo ak zanmi m' yo, nou menm mwen
anvi wè anpil la, nou menm ki fè kè m' kontan an,
nou menm ki yon lwanj pou mwen an, se konsa pou nou
kenbe fèm nan lavi n'ap mennen ansanm nan Seyè a. 2
M'ap ekri de ti mo pou Evodi ak Sentich: Tanpri souple,

mete nou dakò tankou de sè k'ap viv ansanm nan Seyè a.
3 Ou menm tou k'ap travay ansanm avè m', mwen mande
ou pou ou ede yo, paske de medam sa yo te travay di pou
fè konnen bon nouvèl la ansanm ak Kleman ak tout lòt
moun ki te travay ansanm avè mwen yo. Yo tout gen non
yo ekri nan Liv Bondye a ki gen non moun ki gen lavi a. 4
Se pou nou toujou kontan nan lavi n'ap mennen ansanm
nan Seyè a. M'ap repete l' ankò: Fè kè nou kontan anpil.
5 Se pou tout moun konnen nou se moun ki gen bon
kè. Seyè a ap vini anvan lontan. 6 Pa bay kò nou traka
pou anyen. Men, nan tout sikonstans mande Bondye tou
sa nou bezwen nan lapriyè. Toujou chonje di l' mèsi tou
lè n'ap lapriyè. 7 Konsa, Bondye va ban nou kè poze
nan jan pa l', bagay lèzòm pa ka konprann; la kenbe kè
nou ak lespri nou fèm nan Jezikri. 8 Pou fini, frè m' yo,
mete lide nou sou bagay ki bon, ki merite lwanj: bagay ki
vre, ki kòrèk, ki dwat, ki bèl, ki p'ap fè nou wont. 9 Fè
tou sa mwen te moutre nou, ni sa nou te resevwa nan
menm m', ni sa nou te tande m' di ak tou sa nou te wè m'
fè. Konsa, Bondye k'ap bay kè poze a va toujou la avè
nou. 10 Mwen pa t' manke kontan nan lavi m'ap mennen
ansanm ak Seyè a, paske nou vin fè m' wè ankò jan nou
pran ka mwen. Sa pa vle di nou te lage m' non. Men,
nou pa t' ankò jwenn okazyon fè m' wè jan nou fèb pou
mwen. 11 Si nou wè m'ap pale konsa, se pa paske koulye
a mwen nan nesesite. Paske nan lavi, m' aprann kontante
tèt mwen ak sa m' genyen. 12 Mwen konnen sa ki rele
viv nan mizè, mwen konnen sa ki rele viv nan richès. Kit
mwen pa gen ase, kit mwen gen plis pase sa m' bezwen,
nan tout sikonstans m' aprann kontante tèt mwen toupatou
ak sa mwen genyen. 13 Nenpòt sitiyasyon ki parèt devan
mwen, m'ap degaje m', gremesi Kris la ki ban mwen fòs
kouraj. 14 Malgre sa, nou byen fèt ede m' nan traka m'
yo. 15 Nou menm, moun lavil Filip, nou byen konnen sa
m' pral di nou la a. Lè mwen kite peyi Masedwan, lè yo te
fenk konmanse ap pibliye bon nouvèl la, se nou menm sèl
legliz ki te ede mwen. Se nou menm sèl ki te separe sa
nou genyen avè m' pou sa m' te fè pou nou. 16 Lè m'
te lavil Tesalonik, an de fwa nou voye sa m' te bezwen
ban mwen. 17 Se pa dèyè kado mwen ye. Men, mwen ta
renmen Bondye mete sou sa nou gen deja. 18 Wi, mwen
resevwa tou sa nou te voye ban mwen, pou di vre, sa
depase sa m' te bezwen. Koulye a, avèk Epafwodit ki
pote kado nou yo, mwen gen tou sa m' bezwen. Kado
nou yo se tankou yon ofrann ki santi bon, yon ofrann bèt
Bondye ap asepte paske sa fè l' plezi. 19 Bondye ki rich
anpil la va ban nou tou sa nou bezwen nan Jezikri. 20
Tout lwanj lan se pou Bondye, Papa nou, pou tout tan.
Amèn. (aiōn g165) 21 Bonjou pou pèp Bondye a k'ap viv
ansanm nan Jezikri. Tout frè ki la avè m' yo voye bonjou
pou nou. 22 Tout pèp Bondye a ki isit la, espesyalman
sa ki nan palè Seza a, voye bonjou pou nou. 23 Se pou
benediksyon Jezikri, Seyè a, toujou avè nou.

Kolòs

1 Se mwen menm Pòl, yon moun Bondye te deside
chwazi pou sèvi apòt Jezikri, ansanm ak Timote, frè
nou, k'ap ekri lèt sa a **2** voye bay tout pèp Bondye ki lavil
Kolòs la, k'ap kenbe fèm nan lavi n'ap mennen ansanm
tankou frè nan Kris la. Nou mande Bondye, Papa nou,
pou li ban nou benediksyon ak kè poze. **3** Mwen pa janm
sispann di Bondye, Papa Jezikri, Seyè nou an, mèsi lè
m'ap lapriyè pou nou. **4** Mwen pran nouvel jan nou gen
konfyans nan Jezikri, jan nou renmen tout moun ki fè pati
pèp Bondye a. **5** Depi premye jou yo te fè nou konnen
bon nouvèl la ki yon mesaj ki vre, nou te gen espwa jwenn
sa Bondye sere pou nou nan syèl la. Se espwa sa a ki fè
nou gen tout konfyans sa a ak tout renmen sa a nan kè
nou. **6** Bon nouvel la gaye nan mitan nou depi premye jou
nou te tande pale favè Bondye a, depi lè yo te fè nou
konnen sa li ye tout bon an. Bon nouvèl sa a lakòz nou
resevwa anpil benediksyon, menm jan li fè l' toupatou sou
latè. **7** Se Epafras, yon bon zanmi k'ap travay ansanm
avè m', ki te moutre nou tou sa. L'ap ede m' nan travay
la tankou yon bon sèvitè Kris la. **8** Se li menm ki fè m'
konnen renmen Lespri Bondye a ban nou. **9** Se poutèt sa,
mwen pa janm sispann lapriyè Bondye pou nou depi jou
mwen te rive konn sa. Mwen mande Bondye pou l' fè
nou rive fin konnen volonte l' nèt ale, pou l' ban nou anpil
lespri ak anpil konprann ki soti nan Sentespri. **10** Konsa,
n'a viv jan Bondye vle l' la, n'a toujou fè sa ki fè l' plezi.
N'a fè tout kalite bon bagay, n'a grandi nan konesans
Bondye. **11** Mwen mande Bondye pou l' fòtifye nou tout
jan ak bèl pouvwa li pou nou ka sipòte tout bagay avèk
pasyans. **12** Ak kè kontan, se pou nou di Papa a mèsi, li
menm ki ban nou privilèj resevwa pòsyon pa nou nan
eritaj Bondye sere pou tout moun pa l' yo nan peyi limyè
a. **13** Li rache nou anba pouvwa fènwa a, li fè nou antre
nan peyi kote Pitit li renmen anpil la wa. **14** Se gremesi
Pitit sa a nou delivre, nou resevwa padon pou peche nou
yo. **15** Kris se pòtre Bondye, Bondye nou pa ka wè a. Se
li menm ki premye pitit li. Li te la anvan tou sa Bondye te
kreye. **16** Se ak li Bondye te kreye tou sa ki nan syèl la ak
sou latè, sa nou wè ak sa nou pa wè. Se ak li li kreye tout
lespri yo ki chita ap donminen, ki gen otorite, ki chèf epi ki
gen pouvwa. Se ak Kris la Bondye te kreye yo tout, epi se
pou li li te kreye yo. **17** Kris la te la anvan tout bagay.
Se nan li yo tout jwenn plas yo. **18** Se li ki tèt legliz la,
legliz la se kò li. Se li menm ki bay kò a lavi. Se li menm
an premye ki te leve soti vivan nan lanmò pou l' te ka
gen premye plas nan tout bagay. **19** Se Bondye menm
ki te vle pou tou sa l' ye a, se sa pou Kris la ye tou. **20**
Se li menm tou ki te vle fè tout bagay byen avè li ankò,
gremesi Kris la, tou sa ki sou latè ak tou sa ki nan syèl la.
Li mete lapè toupatou, gremesi san Kris la ki koule sou
kwa a. **21** Nou menm tou, moun Kolòs, nan tan lontan,
nou t'ap viv lwen Bondye. Nou te lènmi avè l' akòz tout
bagay mal nou t'ap fè yo, ak tout move lide nou te gen
nan tèt nou. **22** Men koulye a, gremesi Kris la ki mouri nan
kò l' tankou yon moun, Bondye fè nou byen avè l' ankò
pou nou ka parèt devan l' tankou moun k'ap viv apa pou
li, san okenn tach, san okenn repwòch. **23** Men, gen yon
kondisyon pou sa: se pou nou rete fèm, byen anrasinen
nan konfyans nou, san nou pa pèdi espwa nou genyen
depi lè nou te tande bon nouvèl la. Se bon nouvèl sa a yo
te anonse bay tout moun sou latè epi se li menm, mwen
menm Pòl, m'ap sèvi. **24** Koulye a, mwen kontan anpil
dèske m'ap soufri pou nou. Paske, lè m'ap soufri nan kò
pa m' konsa, m'ap bay pòsyon pa m' pou konplete tou sa
ki manke nan soufrans Kris la pou legliz la ki kò li. **25** Wi,
m'ap sèvi legliz la koulye a dapre travay Bondye ban m' fè
pou nou an: travay sa a se pou m' anonse tout bagay ki
nan mesaj li a, **26** pou m' fè tout moun konnen sekrè li te
kenbe kache depi tout tan kifè pesonn pa t' konnen l'. Men
koulye a, li devwale l' bay tout moun ki pou li. **(aiōn g165)**
27 Paske, Bondye vle fè moun pa l' yo konnen tout richès
ak tout bèl pouvwa ki nan sekrè li te sere pou moun ki pa
jwif yo. Men sekrè a: nou menm moun ki pa jwif yo, Kris la
ap viv nan kè nou tou, li ban nou espwa nou gen pou n'
patisipe nan bèl pouvwa Bondye a. **28** Konsa, m'ap fè tout
moun konnen Kris la. M'ap bay tout moun konsèy, m'ap
moutre yo tout bagay avè bon konprann, jan m' kapab
pou yo tout ka parèt devan Bondye tankou granmoun ki
byen grandi nan lavi y'ap mennen ansanm ak Kris la. **29**
Se pou sa m'ap travay, se pou sa m'ap goumen ak tout
pouvwa Kris la k'ap travay ak fòs nan mwen.

2 Mwen vle fè nou konnen ki kalite batay m'ap mennen
pou nou, pou tout moun ki nan lavil Lawodise ak pou
tout lòt moun yo ki poko konn figi mwen. **2** M'ap goumen
pou yo ka gen fòs ak kouraj plen kè yo, pou yo fè yonn
nan renmen Bondye a, pou yo gen yon bon konprann k'ap
ba yo anpil konfyans devan Bondye. Konsa yo menm
tou, y'a konnen sekrè travay Bondye a, ki vle di Kris la. **3**
Se nan li tout richès ki nan bon konprann ak konesans
Bondye a kache. **4** Mwen di nou sa pou nou pa kite
pesonn twonpe nou ak yon bann pawòl ki sanble verite. **5**
Paske, si mwen pa la avèk nou nan kò m', mwen la nan
lespri mwen. Mwen kontan wè jan nou rete nan lòd, jan
nou kenbe fèm nan konfyans nou gen nan Kris la. **6** Se
konsa, nou menm ki asepte Kris la pou Seyè nou an, se
pou nou viv yon jan ki dakò ak li. **7** Se pou nou anrasinen
nan li, se pou nou bati tout lavi nou sou li. Kenbe pi fèm
toujou nan konfyans nou gen nan li, jan yo te moutre
nou sa, san nou pa janm sispann di Bondye mèsi. **8**
Fè atansyon pou nou pa kite pesonn twonpe nou ak bèl
diskou filozòf yo, ak diskisyon ki pa vo anyen. Bagay sa
yo soti nan koutim lèzòm, nan jan yo konprann bagay ki
nan lemonn. Yo pa soti nan Kris la. **9** Se nan lavi Kris la
t'ap mennen nan kò li a nou jwenn tou sa Bondye ye. **10**
Nou menm tou, Bondye la nan tout lavi nou, paske n'ap
viv nan Kris la ki chèf tout lespri ki gen otorite ak pouvwa.
11 Nou menm k'ap viv ansanm nan Kris la, nou te sikonsi

tou. Men, se pa t' moun ki te sikonsi nou. Sikonsizyon
sa a soti nan Kris la ki delivre nou anba pouvwa lachè
ki t'ap fè nou fè sa ki mal. 12 Wi, lè yo te batize nou,
nou te antere ansanm ak Kris la. Apre sa, nou leve soti
vivan ansanm avè l' tou, paske nou te kwè nan pouvwa
Bondye ki te fè l' leve soti vivan nan lanmò. 13 Nan tan
lontan, nou te mouri paske nou t'ap viv nan peche nou yo,
paske nou pa t' sikonsi nan kò nou dapre lalwa Moyiz.
Men koulye a, gremesi Kris la, Bondye ban nou lavi ankò,
li padonen tout peche nou yo. 14 Li chire papye kote tou
sa nou te dwe l' yo ekri a. Papye sa a te kondannen nou
devan lalwa. Kris la detwi l' nèt lè li kloure l' sou kwa a. 15
Avèk Kris la ki mouri sou kwa a, Bondye wete tout pouvwa
ak tout otorite lespri yo te genyen nan lemonn. Li fè tout
moun wè sa yo ye. Li fè yo mache tankou prizonye devan
Kris la ki te genyen batay la. 16 Se sak fè, pa kite pesonn
kritike nou pou sa n'ap manje, pou sa n'ap bwè, pou jou
nou mete apa pou fè fèt, pou fèt lalin nouvèl, osinon pou
jou repo. 17 Tou sa se lonbraj bagay ki te gen pou vini yo;
bagay tout bon yo se nan Kris la yo ye. 18 Se poutèt sa,
moun nou wè k'ap sèvi zanj epi ki swadizan p'ap vante tèt
yo, pa kite moun konsa konprann pou yo wete rekonpans
nou nan men nou. Moun konsa toujou ap rakonte vizyon
yo te fè. Pou anyen, yo gonfle ak lògèy poutèt yon bann
lide lèzòm yo mete nan tèt yo. 19 Moun konsa p'ap viv
ansanm ak Kris la ki tèt kò a. Se Kris la k'ap nouri tout kò
a, k'ap kenbe l' byen kanpe ak tout jwenti l' ak tout venn li
yo byen solid. Se li menm k'ap fè l' grandi jan Bondye
vle l' la. 20 Se konsa, si nou mouri ansanm ak Kris la ki
te delivre nou anba pouvwa lespri k'ap donminen nan
lemonn yo, poukisa pou n'ap viv tankou si nou te toujou
anba pouvwa ki nan lemonn yo? Poukisa pou nou kite yo
soumèt nou anba prensip tankou sa ki di: 21 pa pran sa,
pa goute sa, pa manyen sa? 22 Tout bagay sa yo, fini
ou fin fè yo, yo pa fè anyen pou ou. Se lèzòm ki mande
bagay konsa, se yo ki moutre bagay sa yo. 23 Se vre,
bagay sa yo sanble yo bon, paske sa mande moun anpil
volonte pou yo pran pòz sèvi zanj yo konsa, pou yo pran
pòz pa vante tèt yo, pou yo fè bagay pou swadizan kraze
pouvwa lachè nan kò yo. Men, tou sa pa vo anyen. Paske,
atousa, yo pa ka rive donmennen egzijans lachè a.

3 Nou menm ki deja leve soti vivan ansanm ak Kris la
nan lanmò, se pou nou chache bagay ki anwo nan
syèl la kote Kris la chita sou bò dwat Bondye. 2 Pa kite
bagay ki sou latè pran tèt nou, mete lide nou sou bagay ki
anwo nan syèl la. 3 Konnen sa byen: nou mouri deja, lavi
nou kache ansanm ak Kris la nan Bondye. 4 Se Kris la ki
lavi nou tout bon. Lè la parèt, nou menm tou n'a parèt
ansanm avè l' nan tout bèl pouvwa li. 5 Se poutèt sa, se
pou nou detwi nan nou tou sa ki soti nan lemonn tankou:
imoralite, malpwòpte, move dezi, move lanvi, renmen
lajan (ki menm jan ak sèvi zidòl). 6 Se tout bagay sa yo ki
fè kòlè Bondye tonbe sou moun ki derefize obeyi li. 7 Se
konsa nou t'ap viv nan tan lontan lè nou te anba pouvwa
peche sa yo. 8 Men koulye a, pa fè kòlè, pa fè move
san ni okenn mechanste. Se pou nou voye tout bagay sa
yo jete. Pa kite okenn jouman ni okenn gwomo soti nan
bouch nou. 9 Pa bay frè nou yo manti. Paske, nou voye
vye moun nou te ye a jete ansanm ak tout vye mès li yo.
10 Koulye a, nou tounen yon lòt kalite moun, n'ap chanje
jouk n'a rive sanble ak Bondye ki kreye nou an pou n' te
ka konnen l' nèt. 11 Se sak fè, pa gen moun ki jwif ak
moun ki pa jwif ankò, pa gen moun ki sikonsi ak moun
ki pa sikonsi ankò, pa gen moun ki etranje, ni moun ki
bèt, pa gen moun ki esklav ak moun ki pa esklav. Se Kris
la ki tout, se li ki nan nou tout. 12 Nou tout nou fè pati
pèp Bondye a: se li menm ki te renmen nou, ki te chwazi
nou pou n' ka viv pou li. Se poutèt sa, se pou nou gen kè
sansib anpil, pou n' aji byen yonn ak lòt, san lògèy, avèk
anpil dousè, anpil pasyans. 13 Se pou nou yonn sipòte
lòt, pou nou yonn padonnen lòt si nou gen kont yonn ak
lòt. Wi, se pou yonn padonnen lòt, menm jan Kris la te
padonnen nou. 14 Men, anvan tout bagay, se pou nou
gen renmen ki tankou yon kòd k'ap mare nou ansanm
yonn ak lòt. 15 Se pou nou viv byen yonn ak lòt, jan Kris
la vle l' la. Paske, Bondye rele nou pou nou viv byen yonn
ak lòt pou nou ka fè yon sèl kò. Toujou chonje sa li fè pou
nou. 16 Kenbe pawòl Kris la ak tout richès li yo byen fèm
nan kè nou. Se pou nou yonn aprann nan men lòt, se
pou nou yonn bay lòt konsèy avèk anpil bon konprann.
Se pou nou chante sòm, kantik ak tout lòt chante Lespri
Bondye a va moutre nou, pou di Bondye mèsi ak tout kè
nou. 17 Tou sa n'ap fè, tou sa n'ap di, fè l' nan non Seyè
Jezi a, san nou pa janm bliye di Bondye mèsi nan li. 18
Nou menm medam, soumèt devan mari nou paske se
konsa pou moun ki kwè nan Seyè a aji. 19 Nou menm
mari, renmen madanm nou. Pa fè move jan ak yo. 20 Nou
menm timoun, se devwa nou pou nou obeyi manman nou
ak papa nou nan tout bagay. Se sa ki fè Bondye plezi. 21
Nou menm papa ak manman, pa rele sou timoun yo twòp
pou sa pa dekouraje yo. 22 Nou menm domestik, obeyi
mèt nou gen sou latè a nan tout bagay. Se pa sèlman lè
nou anba je yo pou nou obeyi yo, tankou moun k'ap fè
lèzòm plezi. Men, se pou n' obeyi yo ak tout kè nou, akòz
respè nou gen pou Seyè a. 23 Nenpòt travay yo ban nou
fè, fè l' ak tout kè nou tankou si se pa pou lèzòm nou t'ap
travay, men pou Seyè a. 24 Chonje byen: Seyè a gen pou
ban nou rekonpans nou: l'ap ban nou eritaj li sere pou
moun pa l' yo. Paske, mèt n'ap sèvi tout bon an se Kris la.
25 Men, moun ki fè sa ki mal va resevwa sa ki pou li dapre
mal li te fè a. Paske, Bondye pa gade sou figi moun.

4 Nou menm mèt yo, aji byen ak domestik nou yo, san
fè okenn lenjistis. Chonje byen, nou menm tou nou
gen yon mèt nan syèl la. 2 Pa janm sispann lapriyè. Pa
kite dòmi pran nou. Toujou chonje lapriyè pou di Bondye
mèsi. 3 Anmenmtan, lapriyè pou mwen tou, pou Bondye
ban m' okazyon pou m' fè konnen pawòl li a, pou m' fè
lèzòm konnen sekrè Kris la. Se poutèt sekrè sa a menm
mwen nan prizon koulye a. 4 Lapriyè pou m' ka rive fè
lèzòm wè l' aklè, pou m' ka pale jan mwen dwe pale a. 5

Pran prekosyon pou nou aji byen avè moun ki pa kretyen
yo. Pa kite okenn chans pase. **6** Lè n'ap pale, di bagay ki
pou fè yo kontan, ki pou enterese yo. Konn ki jan pou nou
reponn chak moun. **7** Frè Tichik se yon bon zanmi m', yon
bon sèvitè Kris la k'ap ban m' yon bon konkou nan sèvis
Seyè a. La ban nou tout nouvèl mwen. **8** Mwen voye l'
ban nou tout espre pou l' ka di nou jan mwen ye, pou l' ka
remoute kouraj nou. **9** Frè Onezim ki moun menm kote
ak nou ap vin ansanm avè li. Se yon bon zanmi mwen
renmen anpil. Yo tou de va di nou sa k'ap pase bò isit. **10**
Aristak ki nan prizon ansanm avè m' voye bonjou pou nou.
Mak, kouzen Banabas la, voye bonjou tou. (Mwen te deja
di nou sa pou nou fè pou li: resevwa l' byen si l' vin lakay
nou). **11** Jezi, ki gen yon ti non Joustous, voye bonjou pou
nou tou. Twa mesye sa yo, se yo menm sèlman pami
jwif yo k'ap travay avè m' pou gouvènman Bondye ki wa
a. Yo te ban m' anpil kouraj. **12** Epafras, ki moun Kolòs
tou, voye bonjou pou nou. Sèvitè Kris sa a pa manke
lapriyè anpil pou nou pou nou ka rete fèm, pou nou ka fin
grandi nèt nan konfyans nou nan Bondye, pou nou ka
toujou byen dispoze pou fè tou sa Bondye mande nou. **13**
Mwen ka di nou sa: l'ap fatige kò l' anpil pou nou menm
moun Kolòs yo, pou moun Lawodise yo ansanm ak moun
Yerapolis yo. **14** Lik, bon dòktè mwen an, ansanm ak
Demas voye bonjou pou nou tou. **15** Di tout frè Lawodise
yo bonjou. Pa bliye Nenfas ansanm ak tout frè ki konn
reyini lakay li yo. **16** Lè n'a fin li lèt sa a, voye l' bay legliz
Lawodise a pou yo ka li l' tou. Nou menm tou, n'a li lèt
moun Lawodise yo va voye ban nou an. **17** Di Achip pou
mwen: Fè atansyon. Sèvis yo ba l' fè nan travay Seyè a,
se pou l' fè l' byen. **18** Se mwen menm Pòl, ak men pa m',
k'ap ekri nou koulye a: Bonjou pou nou tout. Pa bliye m'
nan prizon an. benediksyon Bondye pou nou tout.

1 Tesalonik

1 Mwen menm, Pòl, ansanm ak Silven ak Timote, m'ap
ekri lèt sa a voye bay manm legliz lavil Tesalonik yo,
k'ap viv ansanm nan Bondye, Papa a, ak Jezikri, Seyè
nou an. Mwen mande pou yo ban nou benediksyon ak kè
poze. **2** Se tout tan m'ap di Bondye mèsi pou nou tout.
Mwen pa janm bliye nou lè m'ap lapriyè. **3** Devan Bondye
Papa nou, mwen toujou chonje jan n'ap viv byen paske
nou gen konfyans nan Bondye, jan n'ap travay di paske
nou gen renmen nan kè nou, jan nou rete fèm nan espwa
nou gen nan Jezikri, Seyè nou an. **4** Mwen konnen, frè m'
yo, Bondye renmen nou, se li menm ki chwazi nou pou n'
ka viv pou li. **5** Se pa t' avèk pawòl ase mwen te anonse
nou bon nouvèl la. Men tou, se te avèk pouvwa Sentespri
a, avèk lasirans fèm sa m' t'ap di a se vre. Nou menm tou,
nou konnen jan mwen te mennen tèt mwen nan mitan
nou. Mwen te fè l' pou byen nou. **6** Nou te swiv egzanp
mwen ak egzanp Seyè a. Nou te soufri anpil. Malgre sa,
nou te resevwa pawòl Bondye a ak kè kontan. Sa se
travay Sentespri. **7** Se konsa, nou te tounen yon egzanp
pou tout moun nan peyi Masedwan ak nan peyi Lakayi ki
gen konfyans nan Bondye. **8** Konsa, nou fè anpil moun
rive konnen mesaj Seyè a. Se pa sèlman nan Masedwan
ak nan Lakayi, men se toupatou moun ap pale jan nou
gen konfyans nan Bondye. Se sa ki fè, nou pa bezwen
pale sou sa ankò. **9** Okontrè, yo tout ap rakonte jan nou
te resevwa m' lè m' te rive lakay nou, jan nou te kite zidòl
yo pou n' tounen vin jwenn Bondye, pou nou te ka sèvi
Bondye vivan an, Bondye tout bon an. **10** Y'ap di tou jan
n'ap tann Jezi, Pitit Bondye a, k'ap vini sot nan syèl la.
Se Jezi sa a Bondye te leve vivan soti nan lanmò. Se li
menm k'ap delivre nou anba kòlè Bondye k'ap vini an.

2 Nou menm frè m' yo, nou konn sa byen: vizit mwen
te fè lakay nou an te bay bon rezilta. **2** Mwen te
fenk soti lavil Filip kote yo te maltrete m' anpil, kote yo
te joure m' lan. Men, Bondye ban m' fòs ak kouraj pou
m' te ka anonse nou bon nouvèl ki soti nan li a, malgre
tout opozisyon mwen te jwenn. **3** Paske, lè m'ap pale ak
moun, se pa manti m'ap bay, ni mwen pa gen ankenn
move lide dèyè tèt mwen, ni mwen p'ap chache twonpe
pesonn. **4** Okontrè, mwen te toujou pale jan Bondye vle
l' la. Se Bondye ki konnen sa ki nan kè mwen. Li fè m'
konfyans, li ban mwen bon nouvèl li a pou m' anonse. Se
sak fè, se pa lèzòm m'ap chache fè plezi, men Bondye ki
konnen sa ki nan kè mwen. **5** Nou menm, nou konn sa
byen: mwen pa janm sèvi ak pawòl ki pou flate moun, ni
mwen pa janm pran ankenn pretès pou chache fè lajan.
Mwen pran Bondye pou temwen. **6** Mwen pa chache
lwanj nan men pesonn, ni nan men nou, ni nan men lòt
moun. **7** Se pa kapab mwen pa ta kapab fè nou santi
otorite Kris la ban mwen tankou apòt li. Non, okontrè.
Pandan tout tan m' te lakay nou, mwen te aji avèk dousè,
tankou yon manman k'ap pran swen pitit li yo. **8** Mwen te
sitèlman renmen nou, se pa bon nouvèl la ase mwen ta
ban nou. Ata vi m' mwen ta bay pou nou. Nou wè jan m'
renmen nou! **9** Nou chonje, frè m' yo, jan m' te travay,
jan m' te fatige kò m' ap travay lajounen kou lannwit pou
m' pa t' sou kont nou yonn pandan tout tan mwen t'ap
anonse nou bon nouvèl Bondye a. **10** Mwen pran nou
sèvi m' temwen ansanm ak Bondye: Nou menm ki gen
konfyans nan Bondye, nou ka di mwen te aji byen ak nou,
yon jan ki dakò ak volonte Bondye, yon jan ki dwat, ki san
repwòch. **11** Nou konnen ki jan mwen te aji ak nou chak,
tankou yon papa ak pitit li yo. **12** Mwen te ankouraje nou,
mwen te konsole nou, mwen pa t' janm sispann fè nou
konprann byen ki jan pou nou mennen tèt nou pou nou ka
fè Bondye plezi, paske Bondye rele nou pou nou resevwa
pa nou nan gouvènman l' ak nan bèl pouvwa li. **13** Se
konsa, mwen pa sispann di Bondye mèsi tou pou jan nou
te pare zòrèy nou koute lè m' t'ap fè nou konnen pawòl
Bondye a. Nou te resevwa l' pou sa l' ye a: pou pawòl
Bondye, pa pou pawòl lèzòm. Se pawòl sa a k'ap travay
nan kè nou, nou menm ki gen konfyans nan Bondye. **14**
Frè m' yo, sa ki rive nou an, se sa ki te rive manm legliz
Bondye k'ap viv pou Jezikri nan peyi Jide a. Menm sa
yo te soufri nan men jwif yo, se sa nou soufri tou nan
men moun menm peyi ak nou yo. **15** Se jwif yo ki te fè
touye ni Jezi, Seyè a, ni pwofèt yo. Se yo menm tou ki te
pèsekite m' ansanm ak zanmi m' yo. Yo pa soti pou fè
Bondye plezi. Yo fè lènmi ak tout moun. **16** Y'ap fè sa
yo kapab pou anpeche m' pale ak moun ki pa jwif yo,
pou moun sa yo pa sove. Konsa, yo lage kò yo nèt ale
nan menm peche yo te toujou kònn fè a. Men, koulye a
kòlè Bondye tonbe sou yo. **17** Pou mwen menm, frè m'
yo, pa gen lontan depi m' kite nou. Nou pa wè menm, se
vre. Men, lide m' toujou sou nou. Se pa ti anvi mwen pa
anvi wè nou ankò. **18** Mwen pa konnen sa m' ta fè pou
m' tounen lakay nou ankò. Mwen menm Pòl, mwen te
seye plizyè fwa menm. Men, Satan te anpeche mwen. **19**
Se nou menm, moun Tesalonik, ki tout espwa mwen, se
pa lòt moun. Se nou menm ki fè kè m' kontan. Se nou
menm k'ap ban m' okazyon pou m' vante tèt mwen devan
Jezi, Seyè nou an, lè la vini. **20** Se nou menm ki ban m'
satilfaksyon, se nou menm ki fè kè m' kontan.

3 Se konsa, mwen pa t' kapab tann ankò. Mwen pran
desizyon rete pou kont mwen lavil Atèn. **2** Mwen te
voye Timote, frè nou an, al wè nou. Se yon sèvitè Bondye
k'ap travay ansanm ak mwen pou fè konnen bon nouvèl
Kris la. Li te gen pou l' te fòtifye nou, pou l' te ankouraje
nou nan lafwa, **3** pou pesonn pa febli nan mitan tribilasyon
sa yo. Nou menm, moun lavil Tesalonik, se pou n' soufri
bagay sa yo paske Bondye te wè davans sa tapral rive
nou. **4** Lè m' te la nan mitan nou, mwen te pale nou
davans nou tapral gen anpil lafliksyon. Nou wè se sa
menm ki rive nou. **5** Se poutèt sa, mwen te voye Timote
ban nou, mwen pa t' kapab tann ankò. Mwen te voye l'
pran nouvèl jan konfyans nou nan Bondye ye. Mwen te pè
pou Satan pa t' pran nou nan pèlen li, pou tout travay

mwen an pa t' pèdi. 6 Men koulye a, Timote fèk rive sot
lakay nou, li fè kè m' kontan, li ban m' bon nouvèl, li di m'
jan nou gen konfyans ak renmen. Li di m' jan nou menm
tou nou toujou chonje m', jan nou anvi wè m', menm jan
mwen menm mwen anvi wè nou. 7 Konsa, frè m' yo, nan
mitan tout fikilte ak tout lafliksyon mwen yo, sa te ban
m' kouraj lè m' tande jan n'ap kenbe fèm nan lafwa. 8
Se koulye a m'ap viv tout bon, paske nou menm, moun
Tesalonik, nou rete fèm nan lavi n'ap mennen ansanm ak
Kris la. 9 Mwen pa konn ki jan pou m' di Bondye mèsi pou
nou, tèlman nou fè kè m' kontan devan li. 10 Lajounen
kou lannwit, m'ap mande ak tout kè mwen pou Bondye
ban m' chans yon lè vizite nou ankò, pou m' ka fin moutre
nou sa nou manke nan lafwa a toujou. 11 Mwen mande
Bondye, Papa nou, ansanm ak Jezikri, Seyè nou, pou yo
louvri yon chemen pou mwen pou m' ka vin wè nou. 12
Mwen mande Seyè a pou nou gen plis renmen yonn pou
lòt ak pou tout moun, menm jan mwen renmen nou. 13
Konsa, nou menm moun Tesalonik, Kris la va fòtifye kè
nou pou nou ka san repwòch devan Bondye, Papa nou,
tankou moun k'ap viv apa pou li jouk lè Jezikri, Seyè nou
an, va vini ansanm ak tout moun pa l' yo.

4 Frè m' yo, mwen te moutre nou ki jan pou n' mennen
bak nou si nou vle fè Bondye plezi. Wi, mwen konnen
se konsa n'ap viv vre. Men, koulye a m'ap mande nou,
nan non Seyè Jezi a, tanpri chache viv pi byen toujou. 2
Nou konnen tou sa m' te moutre nou, avèk otorite Seyè
Jezi te ban mwen an. 3 Men sa Bondye vle pou nou: Se
pou nou viv apa pou Bondye, pou nou pa lage kò nou nan
imoralite. 4 Se pou chak gason konn chwazi madanm li
yon jan ki respektab, ki dakò ak volonte Bondye. 5 Pa kite
move lanvi pouse nou tankou moun lòt nasyon yo ki pa
konnen Bondye. 6 Nan bagay sa a, ankenn gason pa
dwe fè frè l' lapenn, ni fè l' lenjistis. Mwen deja di nou sa,
mwen te ban nou kont avètisman sou sa: Seyè a gen pou
peni moun ki fè bagay konsa. 7 Bondye pa rele nou pou
nou viv nan vye kondisyon lèd. Men, li rele nou pou nou
viv yon jan ki dakò ak volonte li. 8 Se poutèt sa, moun ki
pa asepte pawòl sa a, se pa pawòl lèzòm li pa koute, se
pawòl Bondye ki ban nou Sentespri l' la menm li pa koute.
9 Kanta renmen nou dwe genyen pou frè n' yo, mwen pa
bezwen ekri nou sou sa. Paske, se Bondye menm ki te
moutre nou ki jan nou dwe yonn renmen lòt. 10 Mwen
konnen se konsa menm n'ap aji avèk tout frè yo nan tout
peyi Masedwan lan. Men, m'ap mande nou, frè m' yo, pou
nou chache viv pi byen toujou. 11 Chache viv ak kè poze.
Okipe zafè pa nou. Travay ak men nou pou nou pa rete
sou kont moun. 12 Konsa, moun ki pa kwè nan Kris la
va respekte nou, epi nou menm, nou p'ap rete sou kont
pesonn. 13 Frè m' yo, sou keksyon moun ki mouri deja
yo, mwen ta renmen nou konn verite a, pou nou pa gen
lapenn tankou lòt moun yo ki pa gen espwa nan Seyè a.
14 Menm jan nou kwè Jezi te mouri epi li te leve soti vivan
ankò a, konsa tou, se pou n' kwè tout moun ki te gen
konfyans nan li lè yo te mouri, Bondye va fè yo tounen
ansanm ak Jezi. 15 Dapre sa Seyè a te moutre m' lan,
men sa m'ap di nou: Nou menm k'ap vivan toujou lè Seyè
a va vini an, nou p'ap pran devan moun ki mouri deja
yo. 16 Lè sa a, n'a tande yon gwo lòd pase, n'a tande
vwa chèf zanj lan ansanm ak kout klewon Bondye a: epi
Seyè a menm va desann sot nan syèl la. Moun ki te mete
konfyans yo nan Kris la lè yo te mouri, se yo ki va leve
soti vivan an premye. 17 Apre sa, nou menm ki va vivan
toujou lè sa a, y'ap vin pran nou, nou menm ansanm ak
moun ki soti vivan nan lanmò yo, y'ap mete nou sou nwaj
yo pou n' al kontre Seyè a anwo a. Konsa, nou tout n'ap
toujou ansanm ak Seyè a. 18 Se pou nou yonn ankouraje
lòt ak pawòl sa yo.

5 Frè m' yo, mwen pa bezwen ekri nou pou m' fè nou
konnen ni ki lè, ni ki jou bagay sa yo gen pou rive. 2
Nou menm nou konn sa byen: Jou Seyè a gen pou l' vin
sou nou tankou yon vòlò k'ap vin nan mitan lannwit. 3 Lè
n'ap tande moun ap di: Gen lapè toupatou, tout bagay
byen sou kontwòl, se lè sa a, san nou pa atann, n'ap wè
kòlè Bondye a tonbe sou yo pou detwi yo. Se tankou lè
doulè tranche sezi yon fanm ansent. p'ap gen chape pou
yo. 4 Men nou menm, frè m' yo, nou pa moun k'ap viv
nan fènwa. Jou sa a p'ap vin sou nou tankou yon vòlè,
san nou pa atann. 5 Paske, nou tout se moun k'ap viv
nan limyè, nan gwo lajounen. Nou pa moun k'ap viv nan
lannwit, nan fènwa! 6 Se sak fè, piga nou dòmi tankou lòt
yo. Pa kite dòmi pran nou. Kenbe tèt nou anplas. 7 Se
lannwit moun dòmi. Se lannwit tou moun sou. 8 Men nou
menm, nou se moun k'ap viv lajounen, se pou nou toujou
kenbe tèt nou anplas. Ann pran konfyans nou gen nan
Bondye a ak renmen nou gen nan kè nou tankou yon plak
pwotèj pou lestonmak nou. Ann pran espwa nou genyen
nan Jezi k'ap vin delivre nou nèt la, ann mete l' tankou yon
kas an fè nan tèt nou. 9 Paske, Bondye pa t' chwazi nou
pou nou te tonbe anba kòlè li, men pou n' te ka delivre,
gremesi Jezikri, Seyè nou an. 10 Jezi te mouri pou n' te
ka viv ansanm ak li. Konsa, kit nou mouri deja, kit nou
vivan toujou lè la vini an, nou tout n'ap toujou ansanm ak
li. 11 Se poutèt sa, annou yonn ankouraje lòt, yonn ede
lòt, jan nou deja ap fè l' la. 12 Frè m' yo, m'ap mande
nou pou nou gen anpil respè pou moun k'ap travay nan
mitan nou yo, moun Seyè a chwazi pou dirije nou, pou
ankouraje nou. 13 Se pou nou gen anpil konsiderasyon
pou yo, se pou nou renmen yo poutèt travay y'ap fè a. Se
pou nou viv byen ak kè poze yonn ak lòt. 14 M'ap mande
nou tou, frè m' yo, pou nou rele dèyè moun k'ap fè parese
yo. Ankouraje sa ki yon ti jan frèt yo, ede sa ki fèb yo. Se
pou nou pran pasyans ak tout moun. 15 Pa kite pesonn
rann mal pou mal. Okontrè, toujou chache fè sa ki byen
yonn pou lòt ak sa ki byen pou tout moun. 16 Se pou
kè nou toujou kontan. 17 Pa janm sispann lapriyè. 18
Di Bondye mèsi pou tout bagay. Se sa Bondye mande
nou, nou menm ki mete konfyans nou nan Jezikri. 19 Pa
antrave travay Sentespri a. 20 Pa meprize pawòl moun

k'ap bay mesaj ki soti nan Bondye. **21** Egzaminen tout
bagay byen, kenbe sa ki bon. **22** Egzante tou sa ki mal.
23 Mwen mande Bondye ki bay kè poze a pou l' fè nou
favè pou nou viv pou li nèt ale. Konsa, lè Jezikri, Seyè
nou an, va vini, li p'ap jwenn nou ak ankenn defo, ni nan
kò nou, ni nan lespri nou ni nan nanm nou. **24** Bondye
ki rele nou an va fè sa pou nou, paske li toujou kenbe
pawòl li. **25** Frè m' yo, lapriyè pou mwen tou. **26** Di tout
frè yo bonjou, bo yo pou mwen tankou moun k'ap viv pou
Bondye konn fè l' la. **27** Tanpri souple, nan non Seyè a, li
lèt sa a bay tout frè yo. **28** Se pou benediksyon Jezikri,
Seyè nou an, toujou la avèk nou.

2 Tesalonik

1 Mwen menm Pòl, ansanm ak Silven ak Timote, m'ap
ekri lèt sa a voye bay manm legliz nan lavil Tesalonik
k'ap viv ansanm nan Bondye, Papa a, ak Jezikri, Seyè
nou an. **2** Mwen mande pou Bondye, Papa a, ak Jezikri,
Seyè nou an, ban nou benediksyon ak kè poze. **3** Se yon
devwa pou mwen pou m' pa janm sispann di Bondye mèsi
pou nou, frè m' yo. Wi, se yon devwa pou m' fè l' vre.
Paske, konfyans nou gen nan Bondye ap grandi anpil,
renmen nou gen yonn pou lòt ap grandi toujou tou. **4** Se
sak fè, sa fè m' plezi pou m' nonmen non nou nan tout
legliz Bondye yo, pou jan nou gen pasyans, jan nou kenbe
konfyans nou fèm nan Bondye nan mitan tout pèsekisyon
ak soufrans k'ap tonbe sou nou. **5** Sa fè moun wè se
Bondye ki gen rezon lè l'ap jije. Paske, avèk tou sa n'ap
sipòte koulye a, n'ap fin bon nèt pou nou ka antre nan
peyi kote Bondye wa a. Se pou peyi sa a menm n'ap
soufri konsa. **6** Paske, Bondye gen pou fè sa ki byen:
Bondye va gen rezon lè la fè moun k'ap fè nou soufri yo
soufri tou. **7** Kanta pou nou menm k'ap soufri koulye a, la
ban nou repo ansanm avè m' lè Jezi va parèt nan syèl
la avèk zanj li yo ki gen pouvwa. **8** La parèt nan mitan
gwo flanm dife pou peni tout moun ki pa konn Bondye
yo ansanm ak moun ki p'ap mache dapre bon nouvèl ki
pale sou Jezi, Seyè nou an. **9** Chatiman moun sa yo,
se disparèt y'ap disparèt yo pou tout tan. Y'ap wete yo
devan Seyè a, y'ap voye yo jete byen lwen pou yo pa
janm resevwa pa yo nan pouvwa Seyè a ak nan lwanj
y'ap fè pou li a. **(aiōnios g166)** **10** Jou sa a, Seyè a va parèt
pou l' resevwa lwanj nan men tout moun pa l' yo. Tout
moun ki te mete konfyans yo nan li va kontan wè l'. Nou
menm tou n'a wè li, paske nou te kwè nan mesaj mwen
te fè nou konnen an. **11** Se poutèt sa, mwen p'ap janm
sispann lapriyè pou nou. M'ap mande Bondye pou l' ede
nou pou nou viv yon jan ki dakò ak lavi li mande nou pou
nou viv la. M'ap mande l' pou li ban nou pouvwa li, pou
nou ka fè tout byen nou vle fè, pou nou fin reyalize nèt
travay n'ap fè ak konfyans nan Bondye. **12** Konsa, tout
moun va fè lwanj non Jezi a poutèt nou. Nou menm tou,
y'a fè lwanj nou poutèt li, gremesi favè Bondye nou an
ansanm ak Jezikri, Seyè a, fè nou.

2 Ann konsidere lè Jezikri, Seyè nou an, va parèt pou l'
sanble nou ansanm bò kote li. Frè m' yo, men sa m'ap
mande nou: **2** Pa kite pesonn twouble lespri nou fasil, ni
fè nou pèdi tèt nou ak ankenn mesaj ki swadizan soti
nan Bondye, ni ak ankenn bèl diskou, ni ak ankenn lèt
mwen ta swadizan ekri nou, pou yo fè nou kwè jou Seyè
a rive deja. **3** Pa kite pesonn twonpe nou nan ankenn
jan. Paske, anvan jou sa a rive, gen yon dènye revòlt
kont Bondye ki pou fèt. Nou gen pou nou wè mechan ki
deja kondannen pou disparèt la vini anvan. **4** Mechan sa
a ap kanpe, l'ap pran pozisyon kont tout bagay lèzòm
ap sèvi, kont tout bagay lèzòm konsidere pou Bondye.
La fè, la fè, jouk la antre nan tanp Bondye a, la chita, la
fè tèt li pase pou Bondye. **5** Nou pa chonje mwen te di
nou sa lè m' te lakay nou toujou? **6** Men, gen yon bagay
k'ap anpeche levènman sa yo rive koulye a. Nou konnen
kisa li ye: Se sak fè, mechan an p'ap parèt anvan lè li. **7**
Wi, pouvwa mechan an deja ap travay anba chal. Men,
anvan pou levènman sa yo rive, se pou moun k'ap ba l'
baryè a disparèt. **8** Lè sa a, mechan an va parèt. Seyè
Jezi va soufle ak bouch li sou li, la touye li. L'ap annik
parèt nan tout pouvwa li pou l' fini nèt ak li. **9** Mechan
an va vini ak tout pouvwa Satan an. Li va fè anpil mirak,
anpil mèvèy ak anpil gwo siy pou bay manti. **10** Li va fè
tout kalite bagay mal pou twonpe moun k'ap pèdi tèt yo.
Y'ap pèdi tèt yo paske yo pa asepte verite ki pou ta sove
yo a, yo pa renmen li. **11** Se poutèt sa, Bondye ap voye
yon pouvwa k'ap travay pou egare yo pi rèd, pou yo sa
kwè nan manti. **12** Konsa, tout moun ki p'ap kwè nan
verite a, ki te pran plezi yo nan fè lenjistis, yo tout pral
kondannen. **13** Se yon devwa pou mwen pou m' pa janm
sispann di Bondye mèsi pou nou, frè m' yo, nou menm
Seyè a renmen. Paske, Bondye chwazi nou pou nou ka
premye moun ki pou delivre, gremesi pouvwa Sentespri ki
fè nou tounen moun pa l', paske nou kwè nan verite a. **14**
Gremesi bon nouvèl mwen te anonse nou an, Bondye
chwazi nou pou nou ka resevwa pa nou nan lwanj ki pou
Jezikri, Seyè nou an. **15** Se sa ki fè, frè m' yo, se pou
nou kenbe fèm. Pa bliye tou sa nou te aprann nan bouch
mwen ak nan lèt mwen an. **16** M'ap lapriyè Jezikri, Seyè
nou an, ansanm ak Bondye, Papa nou ki renmen nou,
ki fè nou favè, ki ban nou yon kouraj ki p'ap janm febli
ansanm ak yon bèl espwa. **(aiōnios g166)** **17** M'ap mande
yo pou yo fòtifye kè nou, pou yo ban nou fòs kouraj pou
nou fè tou sa ki byen, pou nou di tou sa ki byen.

3 Pou fini, frè m' yo, lapriyè pou mwen pou pawòl Seyè
a ka kontinye gaye toupatou byen vit, pou li resevwa
lwanj tankou sa te fèt pami nou. **2** Lapriyè tou pou Bondye
ka delivre m' anba move moun yo, mechan sa yo. Paske,
se pa tout moun ki asepte kwè. **3** Men, Bondye ap toujou
kenbe pawòl li. L'ap ban nou fòs, la pwoteje nou anba
Satan. **4** Seyè a fè m' gen konfyans nan nou: li ban m'
lasirans n'ap fè sa m' te mande nou fè a, epi n'ap toujou
kontinye fè l' tou. **5** Mwen mande Seyè a pou l' dirije kè
nou pou nou ka renmen Bondye, pou nou ka gen pasyans
tankou Kris la. **6** Frè m' yo, men sa m'ap mande nou nan
non Jezikri, Seyè a: Pran distans nou ak tout frè k'ap fè
parese, ki p'ap konfòme yo ak sa m' te moutre nou. **7**
Nou menm, nou konnen sa pou nou fè pou nou ka swiv
egzanp mwen ban nou. Mwen pa t' fè parese lè m' te nan
mitan nou. **8** Mwen pa t' kite pesonn ban m' manje pou
gremesi. Okontrè, mwen te travay di, mwen te fatige kò
mwen anpil, lajounen kou lannwit, pou m' pa t' sou kont
nou yonn. **9** Se pa paske mwen pa t' gen dwa resevwa
anyen nan men pesonn ki fè m' te fè sa. Non. Se paske
mwen te vle ban nou yon egzanp pou nou te swiv. **10** Nou
chonje lè m' te lakay nou, mwen te di nou: moun ki pa

travay pa gen dwa manje non plis. **11** M'ap pale konsa ak
nou paske m' pran nouvèl gen kèk moun nan mitan nou
k'ap fè parese, ki pa vle fè lòt bagay pase foure bouch
yo nan zafè lòt moun. **12** Men sa m'ap voye di moun sa
yo: Nan non Jezikri, Seyè a, m'ap mande nou pou nou
travay nan lòd, pou nou manje swe kouraj nou. **13** Pou
nou menm, frè m' yo, pa janm bouke fè sa ki byen. **14** Si
yon moun pa swiv lòd mwen bay nan lèt sa a, make li.
Piga pesonn gen okenn rapò avè l', pou l' sa wont. **15**
Men, se pa poutèt sa pou nou fè lènmi avè li. Okontrè,
pale avè l' tankou yon frè. **16** Mwen mande Seyè a ki
konn bay kè poze, pou li fè kè nou poze tout tan, tout
jan, pou li toujou la avèk nou tout. **17** Se mwen menm
Pòl k'ap ekri mo sa yo: mwen voye bonjou pou nou tout.
Se konsa mwen siyen tout lèt mwen yo, se konsa mwen
toujou ekri. **18** Se pou benediksyon Jezikri, Seyè nou an,
toujou la avèk nou tout.

1 Timote

1 Mwen menm, Pòl, yon apòt Jezikri dapre volonte
Bondye, Sovè nou, ansanm ak Jezikri ki tout espwa
nou, **2** m'ap ekri ou, Timote, pitit lejitim mwen nan konfyans
mwen gen nan Bondye. M'ap mande Bondye, Papa a, ak
Jezikri, Seyè nou an, pou yo gen pitye pou ou, pou yo
ba ou benediksyon ak kè poze. **3** Se pou ou rete nan
lavil Efèz, jan m' te mande ou la lè mwen t'ap pati pou
peyi Masedwan. Paske, gen kèk moun nan lavil Efèz la
k'ap moutre lòt yo yon bann lòt bagay ki pa vre. Se pou
ou ba yo lòd sispann fè sa y'ap fè a. **4** Di yo wete lide
yo sou vye istwa san fondman sa yo, sou lis non gran
granparan moun ki byen long. Bagay sa yo lakòz moun fè
yon bann diskisyon initil. Yo p'ap sèvi plan travay Bondye
a, jan nou konnen l', gremesi lafwa a. **5** W'ap ba yo lòd sa
a, pou yo ka rive gen renmen ki soti nan yon kè ki nan
kondisyon pou sèvi Bondye, nan yon konsyans trankil ak
yon konfyans sensè nan Bondye. **6** Gen ladan yo ki pèdi
chemen yo, yo lage kò yo nan yon bann diskisyon san
sans. **7** Yo ta renmen pase pou moun k'ap moutre lalwa
Bondye a. Men, yo pa konprann anyen ni nan sa y'ap di
a, ni nan keksyon y'ap defann lan. **8** Nou konnen lalwa
se yon bagay ki bon depi ou sèvi avè l' jan ou dwe sèvi
avè l' la. **9** Se pou nou chonje tou yo pa mete lalwa pou
moun k'ap aji byen. Lalwa a se pou malveyan yo, pou
moun k'ap fè rebèl, pou mechan yo, pou moun k'ap fè
peche, pou moun ki pa gen respè ni pou Bondye ni pou
larelijyon, pou moun k'ap touye manman yo ak papa yo,
pou ansasen, **10** pou moun k'ap fè imoralite, pou moun ki
gen vye mès gason ak gason, fanm ak fanm, pou moun
k'ap vann esklav, pou moun k'ap bay manti, k'ap fè sèman
pou twonpe moun. Lalwa a se pou tout moun k'ap fè tout
kalite bagay ki pa dakò ak verite yo moutre nou an. **11**
Verite sa a, nou jwenn li nan bèl mesaj Bondye te mete m'
reskonsab pou anonse a. Se bon nouvèl ki pale nou sou
Bondye ki merite nou fè lwanj pou li a. **12** M'ap di Jezikri,
Seyè nou an, mèsi dèske li ban m' fòs kouraj pou m' fè
travay mwen. M'ap di l' mèsi dèske li te konsidere m' anpil
pou l' te fè m' tout konfyans sa a, pou l' te chwazi m' pou
sèvis li, **13** atout nan tan lontan mwen te konn pale l' mal,
mwen te pèsekite l', mwen te joure li. Men, se Bondye
menm ki te gen pitye pou mwen, paske lè sa a mwen pa t'
gen konfyans nan li. Konsa, mwen pa t' konnen sa m'
t'ap fè. **14** Jezikri, Seyè nou, fè m' anpil favè: li fè m' gen
konfyans ak renmen nou jwenn lè n'ap viv ansanm nan
Kris la. **15** Sa se yon pawòl ki vre, pawòl tout moun te
dwe kwè: Jezikri te vini sou latè pou delivre moun k'ap fè
peche. Mwen menm, mwen pi mal pase yo tout. **16** Men,
se poutèt sa Bondye te gen pitye pou mwen. Mwen menm
ki te pi mal pase yo tout, se pou mwen Jezikri te moutre
jan l' ka gen pasyans. Konsa, mwen tounen yon egzanp
pou tout moun ki pita va gen pou mete konfyans yo nan li,
pou yo ka resevwa lavi ki p'ap janm fini an. **(aiōnios g166)**
17 Se poutèt sa, ann chante, ann fè lwanj pou li pou tout
tan, li menm ki sèl Bondye nou pa ka wè a, Wa ki la pou
tout tan an epi ki p'ap janm mouri a. Amèn. **(aiōn g165)**
18 Timote, pitit mwen, m'ap renmèt ou kòmandman sa
a, dapre pawòl pwofèt Bondye yo te di sou ou nan tan
lontan an. Pran fòs sou pawòl sa yo pou ou ka mennen
batay la byen. **19** Kenbe konfyans ou fèm nan Bondye ak
konsyans ou an repo. Gen moun ki refize koute konsyans
yo. Se konsa yo pèdi konfyans yo. **20** Nan yo gen Imene
ak Aleksann. Mwen lage tou de nan men Satan pou yo
aprann pa pale mal sou Bondye.

2 Pou konmanse, m'ap mande pou nou lapriyè Bondye
pou tout moun. Fè l' tout kalite demann pou yo, mande
l' padon pou yo, di l' mèsi pou yo. **2** Se pou nou lapriyè
pou chèf yo ak tout lòt moun ki gen otorite nan men yo,
pou nou ka viv trankil ak kè poze nan sèvis Bondye a, ak
yon konpòtman ki respektab sou tout pwen. **3** Se bagay
konsa ki byen, ki fè Bondye, Sovè nou an, plezi. **4** Li ta
renmen wè tout moun sove, li ta renmen wè tout moun
rive konn verite a. **5** Se yon sèl Bondye a ki genyen. Se
yon sèl moun tou ki mete lèzòm dakò ak Bondye ankò, se
Jezi, Kris la. **6** Se li menm ki te asepte mouri pou tout
moun ka sove. Se prèv sa a Bondye te bay, lè lè a te rive
pou moutre jan li ta renmen wè tout moun sove. **7** Se
poutèt sa, li voye m' kòm apòt pou m' anonse moun ki pa
jwif yo nouvèl la, pou m' moutre yo tout bagay, pou yo ka
rive gen konfyans nan Bondye, pou yo ka konnen verite a.
Sa m'ap di la a, se vre wi. Mwen p'ap bay manti. **8** Wi,
mwen vle pou moun k'ap viv pou Bondye toupatou yo ka
leve men yo anlè devan l' pou yo lapriyè san yo pa nan fè
kòlè ni nan chache kont ak pesonn. **9** Mwen ta renmen
tou pou medam yo abiye yon jan ki kòrèk, tou senp, san
fè endesans. Yo pa bezwen nan fè gwo kwafi, mete gwo
bijou lò ak bèl grenn pèl ni rad ki koute chè sou yo. **10**
Oneman ki bon pou yon fanm ki di l'ap sèvi Bondye se
fè sa ki byen. **11** Se pou fanm yo rete san pale, avèk
soumisyon, lè y'ap resevwa enstriksyon. **12** Mwen pa bay
fanm yo dwa moutre pesonn anyen. Yo pa gen okenn
otorite sou gason. Se pou yo rete byen trankil. **13** Paske,
se Adan Bondye te kreye anvan. Se apre li te fè Ev. **14**
Se pa t' Adan Satan te twonpe, se fanm lan li te twonpe,
se fanm lan ki te dezobeyi lòd Bondye. **15** Men, yon fanm
va delivre lè la fè pitit, si l' kenbe fèm nan konfyans li, nan
renmen, nan lavi l'ap mennen apa pou Bondye a, si l' rete
tou senp.

3 Sa se yon pawòl ki vre: Si yon moun dèyè yon pozisyon
pou l' dirije nan legliz, li dèyè yon bèl travay. **2** Pou
yon moun chèf nan legliz, se pou l' san repwòch. Se pou l'
gen yon sèl madanm. Se pou l' yon nonm serye, ki konn
kenbe tèt li an plas, ki gen lòd. Se pou l' konn resevwa
moun lakay li. Se pou l' konn ki jan pou l' moutre moun
verite a. **3** Li pa fèt pou l' renmen bwè gwòg, ni renmen fè
kont. Okontrè, se pou l' gen pasyans ak kè poze. Li pa fèt
pou l' renmen lajan. **4** Se pou l' konn mennen kay li byen,
fè timoun li yo obeyi l' ak respè. **5** Paske, si yon nonm pa

konn dirije pwòp fanmi l', kouman li ka dirije legliz Bondye
a? 6 Fòk li pa yon nonm ki fèk konvèti. Si pa sa, lògèy ka
moute l' nan tèt, la tonbe anba men m' kondannasyon ak
Satan. 7 Se pou li gen bon repitasyon devan moun ki pa
nan legliz la, pou yo pa pase l' nan betiz, pou l' pa pran
nan pèlen Satan. 8 Konsa tou, se pou moun k'ap ede nan
sèvis legliz la se moun ki respektab, ki pa gen de pawòl,
moun ki pa bwè twòp, ki pa renmen fè lajan mal, ki p'ap
kouri dèyè lajan. 9 Se pou yo kenbe verite Bondye fè
nou konnen an ak konsyans yo pwòp. 10 Se pou nou
sonde yo anvan. Si apre sa, nou pa jwenn anyen pou
repwoche yo, yo ka sèvi dyak. 11 Se pou madanm yo
moun ki respektab, ki pa nan tripotaj: se pou yo konn
kontwole tèt yo, pou yo seryèz nan tout bagay. 12 Yon
dyak fèt pou l' gen yon sèl madanm, se pou l' konn dirije
pitit li yo ak tout kay li byen. 13 Paske, dyak ki fè travay
yo byen, y'a rive jwenn yon bon pozisyon pou tèt yo, y'a
gen plis konfyans pou yo ka pale verite nou jwenn nan
Jezikri a. 14 M'ap ekri ou lèt sa a. Men, mwen gen espwa
mwen ka vin wè ou anvan lontan. 15 Men, si m' pran reta,
lèt sa a va fè ou konnen ki jan pou nou mennen tèt nou
nan fanmi Bondye a, sa vle di nan legliz Bondye vivan an.
Legliz la tankou yon poto k'ap soutni verite a. 16 Tout
moun fèt pou rekonèt jan sekrè relijyon nou an se yo gwo
zafè. Li te parèt tankou yon moun. Lespri a fè nou wè jan
li mache dwat devan Bondye. Epi tout zanj yo te wè l'
tou. Se li menm y'ap mache fè konnen nan tout nasyon.
Se nan li moun toupatou mete konfyans yo. Apre sa, yo
resevwa l' nan syèl la.

4 Lespri Bondye te di sa byen klè: nan dènye tan an,
gen moun k'ap lage konfyans yo nan Bondye. Yo pral
obeyi yon bann lespri k'ap bay manti, yo pral swiv yon
bann pawòl ki soti nan move lespri yo. 2 Y'ap kite yon
bann moun ipokrit fè yo pèdi tèt yo ak manti. Konsyans
moun sa yo fini, ou ta di yo boule ak yon fè cho. 3 Y'ap
plede di sa pa bon pou moun marye, gen kalite manje
moun pa gen dwa manje. Men, se Bondye ki kreye manje
sa yo pou moun ki gen konfyans nan li epi ki rive konn
verite a ka manje lè yo fin di Bondye mèsi. 4 Tou sa
Bondye kreye bon. Nou pa fèt pou nou voye yo jete.
Se pou nou asepte tout bagay san nou pa janm bliye di
Bondye mèsi. 5 Se pawòl Bondye a ak lapriyè nou fè
a k'ap mete yo apa pou Bondye. 6 Si ou moutre frè ou
yo tout bagay sa yo, ou va yon bon sèvitè Jezikri. Wa
swen tèt ou ak pawòl ki soti nan konfyans Bondye ak
nan verite w'ap swiv deja a. 7 Men, wete lide ou sou
istwa san sans ki pa dakò ak konfyans nan Bondye, ak
sou radòt ki pa merite repete. Toujou chache mwayen
pou ou sèvi Bondye pi byen. 8 Si nan yon sans sa bon
pou nou chache fè espò pou kenbe kò nou anfòm, sa pi
bon toujou, epi nan tout sans, pou nou fè jefò nan sèvis
Bondye a, paske sa ap garanti nou lavi pou koulye a ak
pou tout tan. 9 Sa se yon pawòl ki sèten, tout moun te
dwe asepte l', yo tout te dwe kwè li. 10 Se poutèt sa
ou wè n'ap travay di, n'ap goumen konsa. Paske, nou
mete tout espwa nou nan Bondye vivan an k'ap sove tout
moun, espesyalman moun ki gen konfyans nan li. 11 Se
tout bagay sa yo pou ou moutre moun yo, pou ou mande
yo swiv. 12 Pa kite pesonn pase ou nan betiz paske ou
twò jenn. Men, se pou ou tounen yon egzanp pou moun
ki kwè yo, nan jan ou pale, nan jan ou mennen tèt ou,
nan jan ou gen renmen, nan jan ou gen konfyans, nan
jan w'ap mennen yon lavi ki dakò ak volonte Bondye. 13
Pandan w'ap tann mwen vini an, pa janm sispann li Liv la
pou tout moun. Ankouraje frè yo, moutre yo tout bagay. 14
Pa neglije kado Lespri Bondye te ba ou lè chèf reskonsab
yo te mete men sou tèt ou, apre pwofèt yo te fin pale pou
ou. 15 Fè travay sa a ak anpil swen, bay tout tan ou pou
li, pou tout moun ka wè jan w'ap fè pwogrè. 16 Veye sou
konpòtman ou, fè atansyon ak pawòl verite w'ap anonse
a. Pa lage travay ou menm. Si ou fè sa konsa, wa sove
tèt ou ansanm ak tout moun k'ap koute ou yo.

5 Pa fè granmoun gason yo repwòch twò di. Pale ak
yo tankou ou ta pale ak papa ou. Aji ak jenn jan yo
tankou si yo te frè ou; 2 ak granmoun fanm yo, tankou si
yo te manman ou; ak jenn fi yo, tankou si yo te sè ou,
san okenn move lide. 3 Pran swen vèv ki vèv tout bon
yo. 4 Men, si yon vèv gen pitit, osinon pitit pitit, se pou
pitit yo aprann fè tout devwa Bondye mande yo fè pou
pwòp fanmi yo anvan. Konsa, y'a fè tou sa yo dwe fè
pou papa yo, manman yo ak granparan yo. Se sa ki pou
fè Bondye plezi. 5 Yon fanm ki vèv tout bon, ki pa gen
pesonn pou okipe l', li mete tout espwa li nan Bondye,
l'ap lapriyè tout tan, l'ap mande l' konkou lajounen kou
lannwit. 6 Men, yon vèv ki lage kò l' nan plezi, se yon
vèv ki mouri, menm si l' vivan toujou. 7 Men sa pou ou
moutre yo, pou pesonn pa jwenn okenn repwòch pou fè
yo. 8 Si yon moun pa pran swen fanmi l', sitou moun k'ap
viv lakay li, li nye konfyans li nan Bondye, li pi mal pase
yon moun ki pa janm kwè nan Bondye. 9 Pa mete okenn
vèv sou lis toutotan li pa gen swasantan. Epi, se pou l' te
marye yon sèl fwa. 10 Se pou tout moun konnen tou sa li
te fè ki byen: tankou si li elve pitit li yo byen, si l' konn
resevwa moun byen lakay li, si l' konn lave pye moun
pèp Bondye a, si l' ede malere yo, si l' fè tout lòt kalite
byen. 11 Men, pa mete okenn vèv ki poko gen laj sa a
sou lis. Paske, lè anvi a pran yo pou yo marye, yo vire do
bay Kris la. 12 Lè konsa yo vin antò, paske yo pa kenbe
premye pwomès yo te fè l' la. 13 Apre sa, yo pran abitid
pèdi tan yo ap mache pòt an pòt. Sa ki pi rèd ankò, yo vin
tripòt, fouyapòt. Y'ap foure bouch yo nan sa ki pa gade
yo. 14 Se poutèt sa, mwen ta pito wè jenn vèv yo marye
pou yo ka gen pitit, pou yo sa okipe kay yo. Konsa, yo
p'ap bay lènmi nou yo chans pale nou mal. 15 Paske, gen
vèv ki vire do yo deja, y'ap swiv Satan. 16 Men, si yon
fanm ki gen lafwa gen yon vèv nan fanmi l', se pou l' ede
l', pou l' pa kite l' sou kont legliz la, pou legliz la ka ede
vèv ki nan nesesite tout bon yo. 17 Kanta chèf reskonsab
yo k'ap dirije legliz la byen, se pou yo resevwa yon lajan
doub, sitou ansyen k'ap bay tout tan yo pou bay pawòl

la ak pou fè enstriksyon moun yo. **18** Se sa ki ekri nan
Liv la: Pa mare bouch bèf la lè l'ap fè moulen kann lan
mache. Ou ankò: Moun ki travay fèt pou resevwa lajan
travay li. **19** Pa kite pesonn vin pote plent pou yon chèf
reskonsab, esepte si moun lan gen de osinon twa temwen
avè li. **20** Se pou ou fè moun ki fè peche yo repwòch
devan tout moun. Konsa, lòt yo va pè. **21** Devan Bondye,
devan Jezikri, devan tout zanj k'ap viv pou Bondye yo,
men sa m'ap mande ou: swiv lòd sa yo san fè ni patipri ni
moun pa nan tou sa w'ap fè. **22** Pa prese mete men sou
tèt yon moun pou ba l' yon chaj nan legliz la. Pa mele nan
peche okenn moun. Evite tou sa ki mal. **23** Ak maladi
lestonmak ou a, sispann bwè dlo sèlman. Bwè ti diven tou
pou ede ou fè dijesyon. **24** Gen moun, anvan menm ou
jije yo, ou gen tan wè tout peche yo aklè konsa. Gen lòt
menm, se lontan apre ou wè sa yo fè ki mal. **25** Konsa
tou, tout byen yon moun fè gen pou parèt aklè, menm sa
ou pa wè lapoula. Yo pa ka rete kache.

6 Tout moun k'ap sèvi kou domestik fèt pou gen anpil
respè pou mèt yo. Konsa, pesonn p'ap kapab pale non
Bondye a ni verite n'ap anonse a mal. **2** Si yon domestik
ap sèvi yon mèt ki kwè nan Bondye, li pa fèt pou l' manke
l' respè sou pretèks se yon frè nan lafwa li ye. Okontrè,
se lè sa a pou l' sèvi l' pi byen, paske moun l'ap rann
sèvis la se yon moun ki kwè, se yon moun li renmen. Men
sa ou gen pou moutre moun yo. Men sa pou ou preche
yo. **3** Si yon moun ap moutre yon lòt doktrin ki pa dakò
ak pawòl verite ki soti nan Jezikri a, ni avèk sa relijyon
nou te montre nou an, **4** se yon moun ki gen lògèy, ki
pa konn anyen. Se tankou yon maladi li genyen pou l'ap
diskite tout tan, pou l'ap fè kont pou nenpòt ti mo. Se sa ki
lakòz moun ap fè jalouzi, y'ap fè kont, y'ap pale moun
mal, yo sispèk moun pou anyen. **5** Sa lakòz anpil moun ki
gen lespri yo vire lanvè epi ki pa konnen verite a ap fè
yon bann diskisyon ki pa janm fini. Pou yo, sèvis Bondye
a tounen yon mwayen pou fè lajan. **6** Nan yon sans se
vre. Sèvis Bondye a se yon gwo richès pou yon moun si
l' kontan ak sa li genyen an. **7** Nou pa t' pote anyen lè
nou te vin sou latè. Pa gen anyen nou ka pote ale non
plis lè n'a kite li. **8** Se sak fè, si nou gen dekwa manje,
si nou gen rad pou mete sou nou, sa dwe kont nou. **9**
Men, moun ki vle vin rich, yo tonbe nan tantasyon. Yo kite
yon bann move lanvi san sans pran yo nan pèlen. Se
lanvi sa yo k'ap fè moun pèdi tou sa yo genyen, k'ap fini
nèt ak yo. **10** Paske, renmen lajan fè moun fè tout kalite
bagay ki mal. Gen moun ki sitèlman anvi gen lajan, yo
pèdi chemen lafwa a nèt: se pa de ti soufrans ki tonbe sou
yo. **11** Men ou menm ki moun Bondye, evite tout bagay
sa yo. Chache mennen yon lavi ki dwat pou ou ka sèvi
Bondye nan tou sa w'ap fè, avèk konfyans, avèk renmen,
avèk pasyans ak dousè. **12** Mennen batay pou lafwa
a byen. Kenbe lavi ki p'ap janm fini an fèm. Paske, se
Bondye menm ki te rele ou pou ou te konnen lavi sa a, lè
ou te byen pale devan yon bann temwen, pou fè konnen
jan ou gen lafwa. **(aiōnios g166)** **13** Devan Bondye ki bay
tout bagay lavi, devan Jezikri ki te fè yon bèl deklarasyon
devan Pons Pilat pou fè wè jan li gen lafwa, men sa m'ap
mande ou: **14** Swiv kòmandman mwen ba ou a, pa chanje
anyen ladan l' pou yo pa jwenn anyen pou repwoche ou lè
Jezikri, Seyè nou an, va parèt. **15** Lè lè a va rive, Bondye
va fè nou wè l'. Se li menm ki sèl otorite, se pou li sèl
nou dwe fè lwanj. Li wa tout wa, li chèf tout chèf. **16** Se
sèl moun ki p'ap janm mouri, li rete nan yon limyè kote
pesonn pa ka pwoche. Pesonn pa janm wè l', pesonn pa
ka wè li. Se pou li tout onè ak tout pouvwa pou tout tan.
Amèn. **(aiōnios g166)** **17** Mande moun ki gen anpil byen
sou latè a pou yo pa kite lògèy vire tèt yo. Piga yo mete
espwa yo nan richès sa yo ki pa sèten. Se pou yo mete
espwa yo nan Bondye ki ban nou tout bagay an kantite
pou nou ka gen jwisans yo. **(aiōn g165)** **18** Mande yo pou
yo fè anpil byen, pou yo ka rich devan Bondye. Piga yo
chich. Se pou yo toujou pare pou separe sa yo genyen an
ak lòt. **19** Konsa, y'a anpile yon bon trezò byen solid pou
pita, y'a resevwa lavi tout bon an. **20** Timote monchè,
veye byen sou sa yo te renmèt ou a. Pa pèdi tan ou nan
diskou san sans ki pa dakò ak verite a, ni nan diskisyon
pou bagay anpil moun pran pou konesans. **21** Gen moun
ki konprann yo gen konesans sa a. Ale wè atò! Se kite yo
kite chemen lafwa a. Benediksyon Bondye pou ou.

2 Timote

1 Mwen menm, Pòl, se Bondye ki te vle chwazi m' pou
sèvi apòt Jezikri, pou fè konnen lavi li te pwomèt nou
an, lavi li ban nou nan Jezikri a. **2** M'ap ekri ou, Timote,
pitit mwen renmen anpil lan. Mwen mande Bondye Papa a
ansanm ak Jezikri, Seyè nou an, pou yo gen pitye pou ou,
pou yo ba ou benediksyon ak kè poze. **3** M'ap di Bondye
mèsi, Bondye zansèt mwen yo te sèvi a. Se li menm tou
m'ap sèvi ak yon konsyans pwòp. Se tout tan m'ap di l'
mèsi lajounen kou lannwit, chak fwa lide m' frape sou ou
lè m'ap lapriyè. **4** Mwen chonje jan ou te nan lapenn. Se
pa ti anvi m' anvi wè ou pou kè m' ka kontan nèt. **5** Mwen
pa janm bliye jan ou gen konfyans nan Bondye ak tout kè
ou. Lòyis, grann ou, ak Enis, manman ou, te gen konfyans
konsa nan li tou. Wi, mwen sèten ou gen menm konfyans
sa a tou. **6** Se poutèt sa, m'ap mande ou pou kenbe kado
Bondye te ba ou lè m' te mete men sou tèt ou a. **7** Paske,
Lespri Bondye ban nou an pa fè nou wont moun. Okontrè,
Lespri Bondye a ban nou fòs, renmen ak pouvwa pou
kontwole tèt nou. **8** Ou pa bezwen wont kanpe pale pou
Seyè nou an. Ou pa bezwen wont pou mwen non plis ki
nan prizon pou tèt li. Okontrè, avèk fòs kouraj Bondye ap
ba ou a, se pou ou asepte soufri avè m' pou bon nouvèl
la. **9** Se Bondye ki delivre nou, se li menm ki rele nou pou
n' ka viv pou li. Li pa t' fè sa pou nou poutèt byen nou te
fè. Non, sa soti nan plan travay li menm. Se yon favè li fè
nou nan Jezikri, depi lontan anvan li te kreye tout bagay.
(aiōnios g166) **10** Koulye a, li fè nou konnen favè sa a
avèk Jezikri, Sovè nou, ki te vini an. Paske, Jezikri kraze
pouvwa lanmò te genyen an. Avèk bon nouvèl la, li fè lavi
ki p'ap fini nan lanmò a parèt aklè. **11** Bondye chwazi m'
pou m' anonse bon nouvèl sa a, li voye m' kòm apòt pou
m' moutre li bay tout moun ki pa jwif. **12** Se poutèt li tou
m'ap sibi tout soufrans sa yo. Men, mwen pa wont paske
mwen konnen nan ki moun mwen mete konfyans mwen.
Mwen sèten li gen pouvwa pou l' konsève sa l' te ban
mwen an jouk gran jou a va vini. **13** Pran egzanp sou
pawòl verite mwen te ba ou yo. Kenbe fèm nan konfyans
ak nan renmen nou jwenn nan Jezikri. **14** Ak lasistans
Sentespri ki nan kè ou la, kenbe tout bon pawòl yo te
moutre ou yo tankou yon depo ki sou kont ou. **15** Ou te
pran nouvèl la, pa vre? Tout moun nan pwovens Lazi yo
lage m' pou kont mwen, ata Fijèl ak Emojèn. **16** Mwen
mande Seyè a pou li gen pitye pou moun lakay Onezifò
yo. Paske, anpil fwa Onezifò vin konsole mwen. Li pa t'
wont mwen dèske mwen te nan prizon. **17** Okontrè, lè li
rive lavil Wòm, li touye tèt li chache m' jouk li jwenn mwen.
18 Se pou Seyè Jezi fè Bondye gen pitye pou li lè gran jou
a va rive. Ou chonje tout sèvis li te rann mwen lavil Efèz?

2 Ou menm, pitit mwen, pran fòs kouraj nan favè nou
resevwa nan lavi n'ap mennen ansanm ak Jezikri a. **2**
Sa ou te tande m' di ou devan anpil temwen, se pou ou
renmèt yo bay lòt moun serye ou konnen ki ka moutre lòt
moun yo tou. **3** Tankou yon bon sòlda Jezikri, asepte tout
soufrans ki vin pou ou. **4** Lè yon sòlda desèvis, li pa pral
chaje tèt li ak pwoblèm lavi si li vle fè chèf li plezi. **5** Lè yon
moun ap aprann kouri pou l' ka patisipe nan yon konkou,
li p'ap ka genyen si li pa kouri dapre regleman konkou a.
6 Kiltivatè ki travay di a, se li menm an premye ki pou
resevwa pa l' nan rekòt la. **7** Fè tèt ou travay sou sa m' ap
di ou la a. Seyè a va fè ou konprann tout bagay. **8** Toujou
chonje pitit pitit David la, Jezikri, ki te leve soti vivan nan
lanmò, jan sa di nan bon nouvèl la. **9** Se paske m'ap
anonse bon nouvèl sa a kifè m'ap soufri konsa, kifè mwen
nan prizon tankou yon malfektè. Men, pawòl Bondye a pa
nan chenn. **10** Se poutèt sa m'ap sipòte bagay sa yo pou
sa ka tounen yon byen pou moun Bondye chwazi yo, pou
yo menm tou yo ka delivre gremesi Jezikri, pou yo ka
resevou a bèl pouvwa ki la pou tout tan an. **(aiōnios g166)**
11 Sa se pawòl sèten: Si nou mouri ansanm avè l', n'a viv
ansanm avè l' tou. **12** Si nou kenbe l' fèm nan soufrans
nou, n'a gouvènen ansanm avè l' tou. Si nou lage l', la
lage nou tou. **13** Si nou pa kenbe pawòl nou, li menm l'ap
toujou kenbe pawòl pa li, paske Bondye pa kapab demanti
tèt li. **14** Fè tout moun chonje bagay sa yo. Pran Bondye
pou temwen, pale yo pou yo pa diskite sou mo. Diskisyon
sa yo pa rapòte anyen. Se pèdi y'ap pèdi moun ki koute
yo. **15** Fè jefò pou ou ka resevwa lwanj nan men Bondye
tankou yon travayè ki pa wont travay li fè, yon travayè
ki fè konnen pawòl verite Bondye a jan l' ye a. **16** Evite
diskou san sans ki pa dakò ak verite lafwa a, paske moun
k'ap fè diskisyon sa yo se kite yo kite Bondye pi lwen chak
jou. **17** Pawòl y'ap di yo, se tankou yon maladi k'ap manje
tout kò yo. Nan moun sa yo gen Imene ak Filèt. **18** Yo tou
de vire do bay verite a, y'ap plede fè anpil lòt moun pèdi
konfyans nan Bondye. Y'ap mache di: Nou leve soti vivan
nan lanmò deja. **19** Men, pa pè. Fondasyon solid Bondye
te mete a, li la toujou. Men pawòl nou jwenn make sou li:
Mèt la konnen moun ki moun pa li. Tout moun ki di se
pou Seyè a y'ap viv, se pou yo sispann fè sa ki mal. **20**
Nan yon gwo kay, gen tout kalite veso: genyen ki fèt an
lò osinon an lajan, genyen ki fèt an bwa osinon an tè.
Gen ladan yo ki sèvi pou okazyon espesyal. Gen lòt se
pou sèvis òdenè. **21** Si yon moun kenbe kò l' pou l' pa fè
sa ki mal, y'a fè l' fè yon travay espesyal. Paske lè sa a
l'ap mete tèt li apa nèt pou Mèt li, la itil Mèt la, l'ap pare
pou l' fè nenpòt bagay ki byen. **22** Pa kite lanvi ki nan kè
jenn moun yo pran pye sou ou. Rete lwen yo. Men, mete
tèt ou ansanm ak moun ki gen kè yo nan kondisyon pou
sèvi Bondye moun k'ap rele Bondye, k'ap chache fè sa
ki dwat devan l' epi k'ap chache gen konfyans, renmen
ak kè poze. **23** Men, pa mele nan diskisyon san sans
moun fou yo. Ou konnen sa toujou fini nan kont. **24** Yon
moun k'ap sèvi Bondye pa fèt pou nan kont. Se pou l' viv
byen ak tout moun, se pou l' konn ki jan yo fè enstriksyon
moun, se pou l' gen pasyans. **25** Se pou l' korije moun ki
pa dakò avè l' avèk dousè. Ou pa janm konnen: Bondye
ka ba yo yon chans pou yo chanje jan y'ap viv la, pou yo

vin konn verite a. 26 Lè konsa, y'a reprann bon sans yo,
y'a chape kò yo soti nan pèlen Satan ki te mete men sou
yo pou l' te fè yo fè sa l' vle.

3 Mete sa byen nan tèt ou: nan dènye jou yo, tan an
pral difisil anpil. 2 Moun pral fè rayisab, y'ap renmen
lajan, y'ap fè grandizè, lògèy ap vire tèt yo, y'ap pale
Bondye mal, y'ap dezobeyi papa ak manman yo, y'ap
engra, y'ap san okenn respè pou bagay Bondye. 3 Kè yo
ap di, y'ap san pitye, y'ap pale moun mal, y'ap fè gwo
kòlè, y'ap brital. Yo p'ap vle wè sa ki byen menm. 4 Y'a
mòde an trèt, y'a fè kòlè fasil, lògèy va gonfle lestonmak
yo. Y'ap pito plezi pase sèvis Bondye. 5 Y'ap fè tankou
y'ap sèvi Bondye. Men, yo pa kwè nan pouvwa Bondye
a tout bon vre. Pa mele ak moun konsa menm. 6 Gen
ladan yo k'ap antre lakay moun pou pran tèt medam ki fèb
yo, ki gen konsyans yo chaje anba peche epi k'ap kite
tout kalite move lanvi mennen lavi yo. 7 Medam sa yo
toujou ap chache konnen. Men, yo pa janm ka rive konnen
verite a. 8 Menm jan ou te wè Janès ak Janbrès t'ap fè
Moyiz opozisyon an, konsa tou moun sa yo ap fè verite a
opozisyon. Se yon bann moun ki gen lespri yo deraye.
Bondye voye yo jete paske yo pa gen konfyans tout bon
nan li. 9 Men, yo p'ap rive lwen, paske tout moun pral
rekonèt jan yo pèdi tèt yo, menm jan sa te rive pou Janès
ak Janbrès. 10 Men, ou menm, ou te swiv mwen pye
pou pye nan tout bagay: nan verite mwen moutre moun
yo, nan jan mwen mennen lavi mwen, nan lide m' mete
nan tèt mwen, nan konfyans mwen gen nan Bondye, nan
pasyans mwen, nan renmen mwen gen nan kè m', nan
jan mwen kenbe fèm, 11 nan pèsekisyon mwen ak nan
soufrans mwen. Ou konnen tou sa ki te rive m' Antiòch,
Ikoniòm ak List, ki kalite pèsekisyon mwen te sipòte. Men,
Bondye te delivre m' anba yo tout. 12 Tout moun ki vle
viv nan sèvis Bondye ansanm ak Jezikri gen pou soufri
pèsekisyon. 13 Men, mechan k'ap fè bagay pou twonpe
moun yo pral pi lwen toujou nan mechanste yo, yo toujou
ap twonpe moun, y'ap kite moun twonpe pwòp tèt yo tou.
14 Kanta ou menm, se pou ou kenbe fèm sa yo te moutre
ou la, sa ou te resevwa ak fèm konviksyon, paske ou
konnen nan men ki moun ou te aprann yo. 15 Depi ou te
tou piti ou konnen sa ki nan Liv Bondye a. Se liv sa a
k'ap ba ou bon konprann, bon konprann ki fè moun rive
delivre, gremesi konfyans yo gen nan Jezikri. 16 Tou sa ki
ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti. Y'ap sèvi
pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè,
pou korije moun k'ap fè fòt, pou moutre yo ki jan pou yo
viv byen devan Bondye. 17 Konsa, yon moun k'ap sèvi
Bondye, li tou pare, li gen tou sa li bezwen pou l' fè tou sa
ki byen.

4 Men sa m'ap mande ou, devan Bondye ak devan
Jezikri ki gen pou vini tankou yon wa pou jije tout moun,
ni sa ki vivan ni sa ki mouri: 2 Fè konnen pawòl Bondye
a, mache bay li san pran souf, nan tout sikonstans, tan
an te mèt bon li te mèt pa bon. Bay tout kalite prèv, rale
zòrèy, bay konsèy, moutre moun yo verite a avèk pasyans
nèt ale. 3 Yon lè, ou gen pou ou wè moun p'ap vle kite
yo moutre yo verite a ankò, y'ap vle pou yo swiv lide pa
yo. Lè sa a, y'a reyini yon bann direktè met bò kote yo
ki va di yo sa yo ta renmen tande. 4 Yo p'ap vle tande
verite a, y'a pito koute istwa ki pa vre. 5 Men, ou menm,
kenbe tèt ou an plas nan tout sikonstans. Sipòte tout
kalite soufrans. Fè travay moun k'ap anonse bòn nouvèl
la. Fè devwa ou ak tout kè ou, tankou yon sèvitè Bondye.
6 Pou mwen menm, lè a rive kote yo pral ofri m' tankou
bèt y'ap ofri bay Bondye, lè a vini pou m' kite lavi sa a/. 7
Mwen fin mennen batay la byen mennen, mwen rive nan
bout kous mwen, mwen kenbe konfyans mwen fèm nan
Bondye. 8 Koulye a, se rekonpans mwen m'ap tann pou
lavi dwat mwen te mennen an. Lè gran jou a va rive, Seyè
k'ap jije san patipri a ap mete rekonpans mwen an tankou
yon kouwòn sou tèt mwen. Men, se pa mwen ase l'ap
bay li. Tout moun k'ap tann ak tout kè yo lè la gen pou l'
parèt la, va resevwa l' tou. 9 Fè posib ou vin jwenn mwen
touswit. 10 Paske, Demas lage m', li te renmen bagay ki
nan lemonn lan twòp. Li pati, li ale Tesalonik. Kresan pou
tèt pa l' al nan peyi Galasi, Tit ale Dalmasi. (aiōn g165) 11
Se Lik sèlman ki la avèk mwen. Pran Mak avèk ou lè w'ap
vini. La ban m' yon bon kout men nan travay la. 12 Mwen
voye Tichik lavil Efèz. 13 Lè w'ap vini, pase pran gwo
manto mwen te kite lakay Kapis, lavil Twoas, pote l' pou
mwen. Pote Liv yo tou, espesyalman sa ki fèt ak po bèt
yo. 14 Aleksann, bòs fòjon an, fè m' anpil tò. Seyè a va
ba l' sa l' merite dapre sa l' fè a. 15 Pran prekosyon ou
avè l', ou menm tou. Paske li pa t' vle tande sa n'ap di a
menm. 16 pa t' gen pesonn pou ede m' premye jou mwen
t'ap fè defans mwen devan chèf yo. Tout moun kite m' pou
kont mwen. Mwen mande Bondye pou l' padonnen yo sa.
17 Men, Seyè a te kanpe la avè m', li ban m' fòs. Se sak
fè, mwen te kapab fè konnen pawòl la nèt ale, pou tout
moun ki pa jwif yo te ka tande li. Se konsa Bondye wete
m' nan bouch lyon an. 18 Seyè a va toujou delivre m'
nan tout move pa. L'ap konsève m' pou m' ka antre nan
peyi kote li wa nan syèl la. Se pou li tout lwanj pou tout
tan. Amèn. (aiōn g165) 19 Di Priska ak Akilas bonjou pou
mwen, ansanm ak tout moun ki lakay Onezifò yo. 20 Eras
te rete Korent. Mwen te blije kite Twofim lavil Milè paske li
te malad. 21 Fè posib ou pou ou vin jwenn mwen anvan
sezon fredi a rive. Ebilis, Pidans, Lenis, Klodya ak tout lòt
frè yo voye bonjou pou ou. 22 Mwen mande Seyè a pou l'
toujou la avèk ou. benediksyon Bondye avèk nou tout.
Amèn.

Tit

1 Mwen menm, Pòl, mwen se sèvitè Bondye, yon apòt
Jezikri. Se Bondye menm ki voye m' pou m' ede moun
li chwazi yo rive gen konfyans nan li, pou m' fè yo konnen
verite a jan n'ap viv li nan sèvis Bondye, **2** pou yo ka gen
espwa resevwa lavi ki p'ap janm fini an. Bondye pa janm
manti, li te pwòmèt lavi sa a depi lontan anvan li te kreye
tout bagay. **(aiōnios g166)** **3** Lè lè li te fikse a rive, li fè nou
konnen lavi sa a ak pawòl li, nan mesaj li te renmèt mwen
pou m' fè konnen, dapre lòd Bondye, Sovè nou an, te
ban mwen. **4** M'ap ekri ou lèt sa a, Tit, pitit lejitim mwen
nan konfyans nou gen ansanm lan. Mwen mande Bondye
Papa a ansanm ak Jezikri, Sovè nou an, pou yo ba ou
benediksyon ak kè poze. **5** Mwen te kite ou nan lil Krèt
pou ou te kapab òganize tou sa ki pa t' ankò fin regle. Ou
te gen pou ou te mete yon gwoup ansyen alatèt legliz la
nan chak vil. Chonje sa m' te di ou: **6** Yon ansyen, se
yon moun ki pou san repwòch, ki gen yon sèl madanm.
Se pou pitit li yo gen konfyans nan Bondye. Tout moun
fèt pou konnen yo pou timoun ki pa nan dezòd, ki pa
dezobeyisan. **7** Paske, yon moun k'ap dirije legliz la, se li
ki reskonsab travay Bondye a. Se pou li san repwòch.
Se pa pou li awogan, ni renmen fè kòlè, ni renmen bwè
gwòg. Li pa fèt pou l' brital, ni renmen fè lajan nan move
kondisyon. **8** Men, se pou l' konn resevwa moun lakay
li. Se pou l' renmen sa ki byen, se pou li konn kenbe
tèt li anplas, se pou li san patipri. Se pou l' viv apa pou
Bondye, pou li konn kontwole tèt li. **9** Se pou l' kenbe
mesaj verite a byen fèm, jan Kris la te bay li a, pou l' ka
ankouraje lòt yo ak pawòl verite a, pou li ka demanti moun
k'ap vire pawòl la lanvè. **10** Paske, gen moun ki rebèl,
k'ap mache twonpe moun ak pawòl san sans. Gen anpil
jwif konvèti ki konsa nan mitan yo. **11** Se pou nou fèmen
bouch moun sa yo, paske yo boulvèse anpil fanmi deja ak
move bagay y'ap moutre moun pou yo fè lajan nan move
kondisyon. **12** Se yon moun Krèt, yonn nan pwofèt pa yo
menm ki di konsa: Moun Krèt toujou ap bay manti. Se yon
bann bèt sovaj, yo parese konsa. Lide yo sou manje ase.
13 Sa li di a, se vre wi. Se poutèt sa, pale sevè ak yo pou
yo ka sensè nan konfyans yo, **14** pou yo pa swiv vye
istwa jwif yo fè, ni kòmandman ki soti nan moun ki vire do
bay verite a. **15** Pou yon moun k'ap fè volonte Bondye,
tout bagay bon. Men, anyen pa bon pou moun k'ap fè sa
ki mal, pou moun ki pa gen konfyans nan Bondye, paske
lespri yo ak konsyans yo fin pran nan sa ki mal. **16** Y'ap
mache di yo konn Bondye. Men, sa y'ap fè a demanti yo.
Yo bay degoutans, yo rebèl, yo pa ka fè anyen ki bon.

2 Ou menm, se pou tou sa w'ap moutre moun dakò ak
bon mesaj la. **2** Pale ak granmoun gason yo pou yo fè
tout bagay ak mezi, pou yo fè respè tèt yo, pou yo kenbe
tèt yo anplas, pou yo gen yon konfyans solid nan Bondye,
pou yo gen renmen nan kè yo ak anpil pasyans. **3** Pale
ak granmoun fanm yo tou pou yo viv tankou moun k'ap
viv pou Bondye tout bon vre. Yo pa dwe nan fè tripotaj,
ni nan twò renmen gwòg. Okontrè, se pou yo bay bon
egzanp. **4** Konsa, lòt jenn medam yo va aprann nan men
yo ki jan pou yo renmen pitit yo ak mari yo, **5** ki jan pou
yo kenbe tèt yo anplas, pou yo pa nan dezòd, pou yo
konn okipe kay yo byen, pou yo aji ak bon kè, pou yo
soumèt devan mari yo. Konsa, moun p'ap ka pale pawòl
Bondye a mal. **6** Konsa tou, pale ak jenn moun yo pou yo
kenbe tèt yo anplas. **7** Ou menm, nan tout bagay, se pou
ou bay bon egzanp: toujou fè sa ki byen. Lè w'ap moutre
yo kichòy, se pou ou serye: ba yo verite a san chache
twonpe yo. **8** Pale pawòl ki dakò ak verite a pou yo pa
kritike ou. Konsa, lènmi nou yo va wont. Yo p'ap jwenn
anyen pou yo di sou nou. **9** Pale ak domestik yo pou yo
soumèt devan mèt yo, pou yo fè mèt yo plezi nan tout
bagay. Yo pa fèt pou nan bay repons ak yo. **10** Ni yo pa
dwe nan pran sa ki pa pou yo. Okontrè, se pou yo serye
tout bon nan tou sa y'ap fè. Konsa y'a fè respè mesaj
Bondye, delivrans nou an, nan tout bagay. **11** Bondye fè
konnen favè l' pou tout moun ka delivre. **12** Favè Bondye
a mande nou pou nou kite move lavi nou t'ap mennen an
ansanm ak tout move lanvi ki nan lemonn, pou nou ka
mennen yon lòt lavi ki kontwole, ki dwat, ki devwe pou
Bondye pandan nou sou latè a. **(aiōn g165)** **13** Se konsa li
moutre nou pou nou viv pandan n'ap tann benediksyon li
te pwomèt nou yo, lè bèl pouvwa Jezikri, Bondye nou
ak Delivrans nou, va parèt. **14** Li te asepte mouri pou
nou pou li te ka delivre nou anba mechanste, pou li te
fè nou tounen yon pèp ki nan kondisyon pou sèvi li, ki
rele li pa li, epi ki toujou pare pou fè sa ki byen. **15** Se
bagay sa yo pou ou moutre moun yo. Otorite yo ba ou a
se pou ankouraje sa ki bezwen ankouraje, pou rale zòrèy
sa ki bezwen gen zòrèy yo rale. Pa bay pesonn okazyon
meprize ou.

3 Fè yo chonje se pou yo soumèt devan tout chèf ak
tout otorite, pou yo obeyi yo, pou yo toujou pare pou fè
tou sa ki byen. **2** Yo pa dwe nan pale moun mal, yo pa
dwe nan fè kont ak pesonn. Se pou yo gen pasyans ak
tout moun, se pou yo aji ak dousè ak tout moun. **3** Paske,
nou menm tou, nan tan lontan nou te tankou moun fou,
nou pa t' obeyisan devan Bondye, nou te tankou moun ki
pèdi chemen yo. Nou te esklav tout kalite move dezi ak
move plezi. Nou t'ap viv ak mechanste, ak jalouzi nan
kè nou. Moun te rayi nou, epi nou menm, nou te rayi yo
tou. **4** Men, lè Bondye fè nou wè jan li gen bon kè, jan li
renmen tout moun, **5** li te delivre nou. Li pa t' delivre nou
paske nou te fè kèk bagay ki bon, men paske li menm li te
gen pitye pou nou. Li delivre nou lè li lave nou, li voye
pouvwa Sentespri li nan nou pou chanje nou nèt, pou n' te
ka viv yon lòt jan. **6** Bondye voye Sentespri li sou nou an
kantite, gremesi Jezi, Kris la, ki delivre nou. **7** Avèk favè
sa a Bondye fè nou an, li fè nou gras. Koulye a nou ka
resevwa sa n'ap tann lan: lavi ki p'ap janm fini an. **(aiōnios
g166)** **8** Sa se pawòl sèten. Mwen ta renmen ou peze sou

bagay sa yo anpil pou tout moun ki mete konfyans yo nan
Bondye ka okipe tout tan yo ap fè sa ki byen. Se bagay
konsa ki bon, ki kapab sèvi tout moun. **9** Pa antre nan
okenn vye diskisyon san sans, ni nan chache konnen non
gran granparan moun, ni nan chache kont, ni nan goumen
pou lalwa Moyiz la. Bagay sa yo pa sèvi anyen, yo pa
vo anyen. **10** Si yon moun vle mete divizyon, pale avè l'
yon premye fwa, yon dezyèm fwa. Si li pa koute ou, pa
okipe li. **11** Paske ou konnen byen yon moun konsa fin
pèdi. Sè pwòp peche li yo k'ap kondannen li. **12** Lè m'a
voye Atemas osinon Tichik ba ou, fè posib ou pou ou
vin jwenn mwen lavil Nikopolis, paske se la mwen fè lide
pase sezon fredi a. **13** Fè sa ou kapab pou mèt Zenas,
avoka a, ansanm ak Apolòs, pou yo pa manke anyen pou
vwayaj yo a. **14** Se pou moun nou yo aprann fè sa ki
byen tou, pou yo bay lè gen ka nesesite. Yo pa fèt pou
y'ap viv konsa san yo pa bay anyen. **15** Tout moun ki avè
m' yo voye bonjou pou ou. Di tout zanmi nou nan lafwa yo
bonjou. Mwen mande pou Bondye ban nou tout favè li.

Filemon

1 Mwen menm Pòl, ki nan prizon poutèt Jezikri, m'ap
ekri lèt sa a, ansanm ak frè Timote, Pou Filemon, yon
moun nou renmen anpil epi k'ap travay ansanm ak nou
pou Seyè a, 2 pou tout legliz la ki reyini lakay li a, pou
Apya, sè nou an, ak Achip, kanmarad ki te konbat ansanm
ak nou an. 3 Nou mande Bondye, Papa nou, ansanm ak
Jezikri, Seyè nou an, pou yo ban nou benediksyon ak
kè poze. 4 Chak fwa m'ap lapriyè, mwen nonmen non
ou, mwen di Bondye mèsi pou ou. 5 Paske m' tande
jan ou renmen tout pèp Bondye a, jan ou gen konfyans
nan Seyè Jezi. 6 M'ap mande Bondye pou konfyans nou
gen ansanm nan li a ka fè nou konprann pi byen tout
benediksyon nou jwenn nan lavi n'ap mennen ansanm
nan Kris la. 7 Se pa ti kontan m' te kontan, sa te ankouraje
m' anpil, frè mwen, lè m' tande jan ou renmen moun ki fè
pati pèp Bondye a, jan ou te remoute kouraj yo anpil. 8
Se poutèt sa, atout Kris la ban m' otorite pou m' di ou sa
ou gen pou ou fè, 9 m' pito mande ou rann mwen sèvis
sa a nan non Kris la ki renmen nou: wi, mwen menm Pòl,
tou vye granmoun jan m' ye a, atout mwen nan prizon
poutèt Jezikri, 10 m'ap mande ou yon favè pou Onezim,
yon pitit mwen fè nan Kris la antan m' la nan prizon an. 11
Anvan sa, li pa t' vo anyen pou ou, men koulye a, li vo
kichòy ni pou ou ni pou mwen. 12 M'ap voye l' tounen ba
ou koulye a tankou pitit pa mwen. 13 M' ta byen renmen
kenbe l' bò kote m', pou l' te ka sèvi m' nan plas ou,
pandan m' nan prizon pou bon nouvèl la. 14 Men, m' pa
vle fè anyen san konsantman ou. Mwen pa ta renmen sa
sanble se fòse m'ap fòse ou rann mwen sèvis. Mwen ta
pito wè ou fè l' ou menm, paske ou vle fè li. 15 Ou pa
janm konnen si Onezim pa t' kite ou pou yon tan, pou ou
te ka jwenn li ankò pou tout tan. (aiōnios g166) 16 Paske,
se pa tankou yon senp esklav ou jwenn li ankò. Koulye a,
li plis pase yon esklav pou ou: se yon frè li ye pou nou
nan Kris la, yon frè mwen renmen anpil. Men, ou menm
ou dwe renmen li pi plis pase m' ankò. Pa sèlman tankou
nenpòt ki moun, men tankou yon frè nan Seyè a. 17 Si ou
konsidere m' pou zanmi ou, resevwa Onezim menm jan
ou ta resevwa mwen. 18 Si l' te fè ou kèk bagay mal,
osinon si l' dwe ou kichòy, mete sa sou kont mwen. 19
Mwen menm Pòl, m'ap ekri sa ak men pa mwen: m'a
renmèt ou sa. Mwen pa kwè m' bezwen fè ou chonje jan
ou dwe m' lavi. 20 Wi, frè m', fè m' favè sa a nan non
Seyè a. Soulaje kè m' tankou yon frè nan Kris la dwe
fè li. 21 Se paske mwen konnen w'ap fè sa m' mande
ou la ki fè m' ekri ou lèt sa a. Mwen konnen ou va fè pi
plis pase sa m' mande ou la. 22 An menm tan, pare yon
chanm pou mwen, paske, pou lapriyè mwen konnen nou
fè pou mwen, mkwè Bondye va tande nou, la fè m' favè
vin jwenn nou ankò. 23 Epafras ki nan prizon ansanm
ak mwen poutèt Jezi, Kris la, voye bonjou pou ou. 24
Mak, Aristak, Demas ak Lik k'ap travay ansanm ak mwen,
yo tout voye bonjou tou. 25 Se pou benediksyon Jezikri,
Seyè nou an, toujou la avèk nou. Amèn.

Ebre

1 Nan tan lontan, Bondye te mete pawòl nan bouch
pwofèt yo nan divès okazyon ak divès jan pou l' te ka
pale ak zansèt nou yo. **2** Men, nan dènye jou sa yo, se
pitit li a menm Bondye te voye pale ak nou nan non li. Se
ak Pitit sa a Bondye te kreye tout bagay. Se li menm tou
Bondye chwazi pou eritye tout bagay lè sa va fini nèt.
(aiōn g165) **3** Pitit sa a reflete limyè bèl pouvwa Bondye a,
se bon pòtre Bondye li ye. Se li menm k'ap soutni tout
bagay ak pouvwa pawòl li. Lè li fin delivre moun anba
peche yo, li moute chita anwo nan syèl la, sou bò dwat
Bondye, Gran Wa a. **4** Pitit la sitèlman gen plis pouvwa
pase zanj yo, Bondye ba l' yon non ki pi konsekan pase
pa yo a. **5** Kilès nan zanj yo Bondye te janm di: Ou se pitit
mwen. Depi jòdi a se mwen ki papa ou? Li pa janm di
okenn nan zanj li yo: M'a yon papa pou li. La yon pitit pou
mwen. **6** Men, lè Bondye t'ap voye premye Pitit li a sou
latè, li te di: Se pou tout zanj Bondye yo adore li. **7** Lè l'
t'ap pale sou zanj li yo, li te di: Bondye fè zanj li yo tounen
van. Li fè sèvitè l' yo tounen flanm dife. **8** Men, lè l'ap pale
sou Pitit li a, li di: O Bondye, gouvènman ou lan la pou
tout tan. W'ap gouvènen san patipri tankou yon wa nan
peyi ou la. **(aiōn g165)** **9** Ou te renmen tou sa ki byen. Ou
te rayi tou sa ki mal. Se poutèt sa, Bondye ki Bondye
ou la chwazi ou. Li fè kè ou kontan nèt ale, li fè pou ou
bagay li pa fè pou lòt zanmi ou yo. **10** Yon lòt fwa, li di
ankò: Se ou menm, Mèt la, Bondye ki te kreye latè nan
konmansman. Se avèk men ou ou te fè syèl la. **11** Yo gen
pou yo disparèt, men ou menm w'ap toujou la. Yo gen pou
yo fini tankou rad. **12** W'ap vlope yo tankou yon chemiz
mete la. W'ap chanje yo tankou rad. Men ou menm, ou
p'ap janm chanje, ou p'ap janm mouri. **13** Bondye pa janm
di okenn nan zanj li yo: Chita la sou bò dwat mwen, jouk
tan mwen fè lènmi ou yo tounen yon ti ban pou lonje pye
ou. **14** Kisa zanj Bondye yo ye menm? Yo tout se yonn
bann lespri k'ap sèvi Bondye. Se Bondye menm ki voye
yo pou ede moun ki la pou jwenn delivrans yo.

2 Se poutèt sa, nou dwe kenbe verite yo te moutre nou
yo pi fèm toujou pou nou pa pèdi chemen nou. **2**
Pawòl zanj Bondye yo te anonse a te gen tout valè li.
Se sa ki fè moun ki pa t' okipe pawòl la ak moun ki te
dezobeyi l' yo te resevwa chatiman yo te merite a. **3**
Konsa tou, si nou menm nou meprize yon gwo delivrans
tankou sa a, nanpwen chape pou nou. Premye moun ki te
fè konnen delivrans sa a se Seyè a menm. Apre sa, moun
ki te tande l' yo, se yo ki te fè nou konnen jan delivrans sa
a gen anpil valè. **4** Anmenmtan an tou, Bondye te fè anpil
siy, anpil bèl bagay ak anpil mirak pou fè wè sa moun sa
yo t'ap di a se te vre. Li separe kado Sentespri a bay
moun jan l' vle. **5** Bondye pa t' bay zanj li yo pouvwa
sou anyen nan tan n'ap pale a, tan ki gen pou vini an. **6**
Okontrè, jan yo ekri sa yon kote nan Liv la: Bondye o,
kisa moun ye pou w'ap chonje yo konsa? Kisa moun ki fèt
pou mouri yo ye menm pou w'ap pran ka yo konsa? **7** Ou
fè yo yon ti jan pi ba pase zanj yo pou yon ti tan. Tankou
yon kouwòn sou tèt yo, ou ba yo tout lwanj ak tout respè.
8 Ou mete tout bagay anba pye yo. Liv la di Bondye mete
tout bagay anba pye lèzòm, sa vle di pa gen anyen ki pa
sou zòd yo. Men, nou wè koulye a moun pa gen pouvwa
sou tout bagay. **9** Okontre, lè nou gade Jezi, nou wè pou
yon tan Bondye te mete l' pi ba pase zanj yo, pou l' te ka
mouri pou tout moun, tankou yon favè Bondye t'ap fè yo.
Koulye a, poutèt lanmò li te soufri a, Bondye ba li tout
lwanj ak tout respè ki pou yon wa. **10** Se Bondye ki fè tout
bagay, se Bondye k'ap kenbe tout bagay. Se tou nòmal
pou l' te vle fè anpil nan pitit li yo resevwa pa yo nan bèl
pouvwa li a. Se poutèt sa, li fè Jezi vin bon nèt avèk tout
soufrans sa yo. Paske se Jezi ki chèf k'ap mennen yo nan
chemen delivrans lan. **11** Ni moun ki netwaye lèzòm anba
peche yo, ki vle di Jezi, ni lèzòm li netwaye yo, yo tout gen
yon sèl papa. Se poutèt sa, Jezi pa wont rele yo frè, **12**
jan l' te di sa nan Liv la: Bondye, m'a nonmen non ou bay
frè m' yo. M'a fè lwanj ou lè yo tout reyini ansanm. **13** Li di
ankò: M'a mete tout konfyans mwen nan Bondye. Apre
sa, li di ankò: Men mwen ansanm ak tout pitit Bondye te
ban mwen yo. **14** Moun li rele pitit li yo, se moun ki gen
yon kò ki fèt ak chè ak san. Jezi vin tankou yo tou, menm
chè ak yo, menm san ak yo. Konsa, lè li mouri, li detwi
Satan ki te gen pouvwa pou touye moun. **15** Li delivre tout
moun ki pase tout lavi yo esklav paske yo te pè lanmò. **16**
Sa se bagay ki klè: li pa t' vin pote sekou bay zanj Bondye
yo. Jan sa ekri nan Liv la: Li vin pote sekou bay tout moun
ras Abraram yo. **17** Se konsa, li te fèt pou l' te vin tankou
frè l' yo sou tout pwen, pou l' te ka sèvi yo tankou yon
granprèt ki gen anpil pitye pou yo, k'ap fè sèvis li byen
devan Bondye, pou ofrann li fè a ka fè Bondye padonnen
peche tout pèp la. **18** Koulye a, li ka pote sekou bay tout
moun ki anba tantasyon, paske li menm tou li te pase
anba tantasyon, li menm tou li te soufri.

3 Se poutèt sa, frè m' yo, nou menm k'ap viv apa pou
Bondye, nou menm Bondye te rele pou antre ansanm
nan syèl la, fikse je nou sou Jezi, moun Bondye te voye
pou sèvi nou granprèt nan konfyans nou genyen an. **2**
Paske li pa t' twonpe Bondye ki te chwazi l' pou travay sa
a. Li fè travay li byen tankou Moyiz ki te fè tout travay li
byen nan kay Bondye a. **3** Moun ki bati yon kay resevwa
plis lwanj pase kay la. Konsa tou, Jezi resevwa yon pi
gwo lwanj pase Moyiz. **4** Chak kay gen yon moun ki bati
li. Men, se Bondye ki fè tout bagay. **5** Moyiz te fè travay li
byen nan tout kò kay Bondye a. Li te yon senp sèvitè ki
te la pou pale sou bagay Bondye tapral di pita. **6** Men,
Jezikri te fè travay li tankou yon pitit Bondye te mete chèf
kay li. Se nou menm ki kay Bondye a, depi nou pa janm
dekouraje, depi nou pa janm pèdi konfyans, depi nou pa
janm wont sa n'ap tann lan. **7** Se poutèt sa, jan Sentespri
te di l' la: Si nou tande vwa Bondye jòdi a, **8** pa kenbe tèt
ak li, menm jan zansèt nou yo te fè l', lè yo te chache kont
ak Bondye a, tankou lè, nan dezè a, yo te vle wè jouk ki

bò Bondye ye ak yo. 9 Lè sa a, zansèt nou yo te tante m',
yo te sonde m' atout yo te deja wè tou sa m' t'ap fè depi
karantan. 10 Se sak fè, mwen te fache sou moun sa yo.
Mwen te di: Moun sa yo toujou ap fè move lide nan tèt yo.
Yo derefize obeyi kòmandman m' yo. 11 Mwen te fè kòlè,
mwen te fè sèman: Yo pa janm mete pye yo kote pou yo
poze kò yo ansanm ak mwen an. 12 Frè m' yo, atansyon
pou okenn nan nou pa rive gen move santiman nan kè l'
ki pou fè l' pèdi konfyans nan Bondye, pou lè sa a, li pa
vire do bay Bondye vivan an. 13 Okontrè, chak jou, se
pou nou yonn ankouraje lòt toutotan n'ap viv nan epòk Liv
la rele jòdi a. Piga nou yonn kite peche detounen nou,
pou lè sa a nou pa rive nan kenbe tèt ak Bondye. 14
Paske, nou se moun k'ap mache ansanm ak Kris la, depi
nou kenbe fèm nan konfyans nou te genyen depi nan
konmansman an jouk sa kaba. 15 Men sa ki ekri nan Liv
la: Si nou tande vwa Bondye jòdi a, pa kenbe tèt ak li,
tankou lè nou te chache kont ak Bondye a. 16 Kilès sa yo
ki te tande vwa Bondye men ki apre sa te chache kont ak
li? Se tout moun Moyiz te fè soti nan peyi Lejip la. 17 Sou
ki moun Bondye te fè kòlè pandan karantan an? Se sou
moun ki te fè peche yo. Tout moun sa yo tonbe, yo mouri
nan dezè a. 18 Lè Bondye te fè sèman sa a, kilès li t'ap
pale? Li t'ap pale sou moun ki te chache kont ak li yo. 19
Nou wè vre, yo yonn pa t' kapab mete pye yo kote sa a,
paske yo pa t' gen konfyans.

4 Koulye a, Bondye kenbe menm pwomès sa a pou nou
toujou, pou nou ka antre kote pou nou poze kò nou
ansanm ak li a. Atansyon pou okenn nan nou pa pèdi
chans antre nan kote sa a. 2 Paske, yo fè nou konnen
bon nouvèl la menm jan ak lòt yo. Yo menm tou yo te
tande mesaj la. Men, sa pa t' sèvi yo anyen, paske lè yo
te tande l' la yo pa t' resevwa l' ak konfyans nan Bondye.
3 Nou menm ki gen konfyans nan Bondye, nou pral antre
kote pou nou poze kò nou ansanm ak li a. Se kote sa a li
t'ap pale, lè li te di: Mwen te fè kòlè, mwen te fè sèman:
Yo p'ap janm mete pye yo kote pou yo poze kò yo ansanm
ak mwen an. Bondye te pale konsa, men li menm, li te fin
fè travay li depi lè li t'ap kreye lemonn. 4 Paske, men sa
ki ekri yon lòt kote nan Liv la sou setyèm jou a: Setyèm
jou a, Bondye poze kò l' apre li te fin fè tout travay li yo. 5
Li tounen sou menm pawòl la ankò, lè li di: Yo p'ap janm
mete pye yo kote pou yo poze kò yo ansanm ak mwen
an. 6 Moun ki te resevwa bon nouvèl la an premye, yo
pa t' antre kote sa a paske yo pa t' mete konfyans yo
nan Bondye. Konsa, gen lòt toujou ki ka antre kote sa
a pou yo ka poze kò yo ansanm ak Bondye. 7 Se sak
fè, Bondye chwazi yon lòt jou li rele jòdi a. Li pale sou
jou sa a lontan lontan apre, nan pawòl David nou jwenn
nan Liv la, pawòl mwen deja di nou an: Si nou tande vwa
Bondye jòdi a, pa kenbe tèt ak li. 8 Paske, si Jozye te fè
pèp Izrayèl la antre nan peyi kote pou yo te poze kò yo
ansanm ak Bondye a, Bondye pa ta bezwen pale apre sa
sou yon lòt jou ankò. 9 Jan sa ye a, gen yon repo ankò
pou pèp Bondye a, yon repo tankou repo Bondye te pran
setyèm jou a. 10 Paske, moun ki antre kote pou yo poze
kò yo ansanm ak Bondye a, se moun ki fin fè travay yo,
menm jan Bondye te poze apre li te fin fè travay li. 11
Ann fè jefò pou nou tout ka antre kote sa a. Se pa pou
okenn nan nou dezobeyi Bondye tankou moun sa yo ki
te la anvan nou te fè l' la, pou nou pa pèdi chans antre
kote sa a. 12 Pawòl Bondye a gen lavi, li gen pouvwa.
Li pi file pase kouto de bò. Li koupe jouk li jwenn kote
nanm ak lespri moun fè yonn, jouk kote vyann ak mwèl zo
kontre. Li jije tout santiman ak tout lide ki nan kè moun.
13 Anyen pa kapab kache pou Bondye. Tout bagay nan
kreyasyon Bondye a aklè konsa devan je l', san anyen pa
kouvri yo. Nou menm tou, nou gen pou nou rann li kont
pou tou sa nou fè. 14 Ann kenbe fèm nan konfyans nou
genyen an, paske nou gen Jezi, pitit Bondye a, k'ap sèvi
nou yon gwo granprèt, li travèse syèl la jouk li rive devan
Bondye menm. 15 Granprèt nou an, se pa yon moun ki pa
kapab soufri ak nou nan feblès nou. Okontrè, nou gen yon
granprèt ki te pase anba tout kalite tantasyon menm jan
ak nou. Men, li pa t' janm fè okenn peche. 16 Se poutèt
sa, ann pwoche avèk konfyans devan fotèy kote Bondye
ki renmen nou an chita. Se la n'a jwenn padon pou peche
nou yo, se la n'a jwenn pou gremesi sekou n'a bezwen lè
nou nan nesesite.

5 Se pami moun yo toujou chwazi yon granprèt, lèfini
yo mete l' apa pou l' ka fè sèvis Bondye pou yo. Se li
menm tou ki pou ofri kado ak bèt pou touye pou peche yo
bay Bondye. 2 Li toujou gen anpil pasyans ak moun ki
pa konnen, ak moun k'ap fè sa yo pa t' dwe fè, paske li
menm poutèt pa l', li fèb tou sou anpil pwen. 3 Se sak fè,
se pa sèlman pou peche pèp la li gen pou l' ofri bèt pou
yo touye bay Bondye, men se pou peche pa l' yo tou,
paske li menm tou li fèb. 4 Pesonn pa ka bay tèt li grad
granprèt la. Se Bondye sèlman ki ka rele yon moun nan
plas sa a, jan sa te fèt pou Arawon. 5 Se konsa, Kris
la pa t' chwazi tèt li pou l' te resevwa grad granprèt la.
Okontrè, li resevwa l' nan men Bondye ki te di li: Ou se
pitit mwen, depi jòdi a se mwen ki papa ou. 6 Li di yon lòt
kote ankò: Ou prèt pou tout tan menm jan ak Mèlkisedèk.
(aiōn g165) 7 Pandan Jezi t'ap viv sou latè, li te lapriyè
Bondye, li te fè demann li avèk gwo rèl ak dlo nan je bay
Bondye, sèl moun ki te kapab sove l' anba lanmò. Bondye
koute l', paske li te soumèt devan Bondye. 8 Atout li te
pitit Bondye, li vin konnen sa ki rele yon moun obeyisan,
avèk tout soufrans li soufri yo. 9 Lè li fin bon nèt, li tounen
yon delivrans pou tout moun ki obeyi l', yon delivrans k'ap
delivre yo pou tout tan, **(aiōnios g166)** 10 paske lè sa a,
Bondye deklare se yon granprèt menm jan ak Mèlkisedèk
li ye. 11 Mwen gen anpil bagay pou m' ta di nou sou sa
ankò. Men, se bagay ki difisil anpil pou esplike nou, paske
nou lou toujou nan konprann nou. 12 Depi tout tan sa a,
se pou n' te fò deja tankou moun k'ap moutre nou yo.
Men, okontrè, se bezwen nou bezwen toujou pou moun
montre nou bagay ki pi fasil yo, premye konesans nan
pawòl Bondye a. Se ti lèt nou bezwen bwè toujou, nou

poko ka manje gwo manje. 13 Se timoun ki nan bwè lèt,
paske timoun pa gen kont esperyans pou konnen sa ki
bon ak sa ki pa bon. 14 Okontrè, se granmoun ki manje
gwo manje, paske granmoun yo konn jije, yo konn fè
diferans ant sa ki bon ak sa ki mal.

6 Se sak fè, ann grandi toujou pou n' ka vin granmoun
nan konfyans nou. Ann kite dèyè premye konesans
yo te ban nou sou Kris la. Nou pa pral rekòmanse ankò
ap poze premye baz travay la: nou pa pral di nou ankò
jan nou dwe chanje lavi nou, jan nou dwe wete konfyans
nou te gen nan zèv ki pa vo anyen yo pou n' mete l' nan
Bondye. 2 Non, nou pa pral pale nou ankò sou batèm yo,
sou sèvis pou mete men sou tèt moun ki kwè yo, sou
keksyon lè moun mouri yo va leve, sou jijman ki p'ap janm
kase a. (aiōnios g166) 3 Ann pouse pi devan! Se sa nou
pral fè koulye a, si Bondye penmèt nou sa. 4 Moun ki
te resevwa limyè Bondye a yon fwa deja, yo te goute
kado Bondye te ba yo a, yo te resevwa pòsyon pa yo
nan Sentespri Bondye a. 5 Yo te goute pawòl Bondye a,
yo te wè l' te gou. Yo te santi nan lavi yo pouvwa k'ap
travay nan tan k'ap vini an. (aiōn g165) 6 Apre sa, si yo
voye konfyans yo nan Bondye jete, pa gen mwayen pou
yo tounen vin jwenn Bondye ankò. Paske, yo kloure Pitit
Bondye a yon dezyèm fwa sou kwa a. Yo fè l' wont devan
tout moun ankò. 7 Lè yon tè bwè dlo lapli ki tonbe anpil
sou li, si li pouse plant ki ka sèvi moun k'ap travay li a,
Bondye ap beni li. 8 Men, si li pouse pikan ak pengwen, li
pa vo anyen. Bondye riske ba l' madichon. Lè sa a, yo ka
boule li. 9 Nou mèt wè m' ap pale konsa, frè m' yo, mwen
gen anpil konfyans nan nou toujou. Mwen konnen nou
nan chemen ki pou delivre nou an. 10 Paske, Bondye
pa mechan pou l' ta bliye travay nou fè, ni renmen nou
moutre nou gen pou li, lè nou t'ap rann moun k'ap viv pou
li yo anpil sèvis, sèvis n'ap rann yo jouk koulye a toujou.
11 Men, mwen ta renmen wè nou toujou kenbe konsa nan
aktivite travay la jouk sa kaba, konsa sa n'ap tann lan
ka rive vre. 12 Mwen pa ta vle nou lage kò nou nan fè
parès. Okontrè, se pou nou swiv egzanp moun ki gen
konfyans yo, moun ki rete tann ak pasyans. Se poutèt sa
yo te resevwa sa Bondye te pwomèt la. 13 Lè Bondye te
fè Abraram pwomès la, li te fè sèman li t'ap kenbe li. Li fè
sèman an sou tèt li, paske pa gen pi gran pase li. 14 Li te
di: Mwen pwomèt ou pou m' beni ou, pou m' ba ou anpil
anpil pitit pitit. 15 Abraram te rete tann ak pasyans. Se
konsa li resevwa sa Bondye te pwomèt li a. 16 Lè moun
ap fè sèman, yo sèmante sou sa ki pi gran pase yo. Yo
pran sèman an pou yon garanti pou fini tout diskisyon yo
ka gen yonn ak lòt. 17 Men, Bondye te vle fè moun ki
pou te resevwa sa l' te pwomèt la wè aklè li pa t'ap janm
chanje pawòl. Se sak fè, li ajoute sèman an dèyè pwomès
la. 18 Konsa, vin gen de bagay la a ki pa ka chanje, de
bagay Bondye pa ka bay manti sou yo. Nou menm menm
ki jwenn yon pwoteksyon nan men l', sa ankouraje nou
anpil pou nou kenbe byen fèm espwa Bondye ofri nou
an. 19 Espwa sa a, se tankou yon lank batiman li ye pou
nou. L'ap kenbe nanm nou fè m', byen solid. Lank sa nou
genyen an, li chouke jouk lòt bò rido tanp ki nan syèl la.
20 Se la Jezi te antre an premye pou louvri chemen an
pou nou, li menm ki te tounen yon granprèt pou tout tan,
menm jan ak Mèlkisedèk. (aiōn g165)

7 Mèlkisedèk sa a, se te wa peyi Salèm, yon prèt ki
t'ap sèvi Bondye ki anwo nan syèl la. Lè Abraram t'ap
tounen lakay li, apre li te fin kraze kèk wa nan yon batay,
Mèlkisedèk vin kontre l', li ba l' benediksyon. 2 Lè sa a,
Abraram separe ba li yon dizyèm nan tou sa li te pran.
Non Mèlkisedèk la gen de sans. Nan yon premye sans, li
vle di Wa ki bay jistis la. Men, akòz li te wa peyi Salèm, li
gen yon dezyèm sans. Li vle di tou Wa ki bay kè poze a.
3 Mèlkisedèk sa a, nou pa konn ni papa l', ni manman
l', ni okenn nan zansèt li yo. Yo pa di ki bò l' te fèt, ni
ki bò l' mouri. Li tankou Pitit Bondye a, li rete prèt pou
tout tan. 4 Nou tou wè ki kalite grannèg nonm sa a te ye,
pou granpapa nou, Abraram, te ba li yon dizyèm nan tou
sa l' te pran nan batay la. 5 Dapre lalwa Moyiz, se nan
ras Levi ase yo chwazi moun ki pou sèvi prèt. Prèt sa yo
resevwa lòd pou yo mande pèp la yon dizyèm sou tout
bagay, sa vle di, yo mande moun ki sitwayen menm peyi
ak yo pou bay yon dizyèm nan tou sa yo genyen. Men, yo
tout se pitit pitit Abraram yo ye. 6 Mèlkisedèk menm pa
t' moun ras Levi. Men malgre sa, Abraram te ba li yon
dizyèm nan tou sa li te pran. Sa ki pi rèd ankò, Mèlkisedèk
bay moun ki te resevwa pwomès Bondye a benediksyon.
7 Moun ki bay benediksyon pi gran pase moun ki resevwa
benediksyon. Sa se vre. 8 Nan ka prèt ras Levi yo, ofrann
yon dizyèm lan se pou moun ki gen pou mouri. Men, nan
ka Mèlkisedèk la, ladim lan se pou yon moun ki vivan, jan
sa ekri nan Liv la. 9 Gen plis ankò: nou ka di lè Abraram
te bay ofrann dizyèm lan, Levi te peye l' tou, li menm Levi
ki gen pitit pitit li yo k'ap resevwa ofrann dizyèm lan koulye
a. 10 Paske, nan yon sans, Levi ki pa t' ankò fèt te nan
ren granpapa l', Abraram, lè Mèlkisedèk te vin kontre l' la.
11 Se sou baz travay prèt ras Levi yo Bondye te bay pèp
Izrayèl la lalwa Moyiz la. Si travay prèt ras Levi yo te yon
travay ki te bon nèt, pa ta gen nesesite menm pou yon lòt
prèt ki menm jan ak Mèlkisedèk men ki pa menm jan ak
Arawon ta vini. 12 Lè yo chanje travay prèt la, se pou yo
chanje lalwa a tou. 13 Men, nan tout pawòl sa yo, se sou
Seyè a y'ap pale. Men li menm, li soti nan yon lòt branch
fanmi, ki pa janm gen pesonn ladan l' ki te konn fè sèvis
prèt yo devan lòtèl la. 14 Sa se bagay tout moun konnen,
Jezi te fèt nan branch fanmi Jida. Moyiz pa t' janm bay
non sa a lè li t'ap pale sou prèt yo. 15 Bon, men yon lòt
pwen k'ap eklèsi keksyon an plis toujou. Nou wè se yon lòt
prèt ki tankou Mèlkisedèk ki vin la a. 16 Yo pa t' fè l' prèt
dapre regleman lèzòm: men, se akòz pouvwa lavi ki p'ap
janm fini an kifè yo fè l' prèt. 17 Men sa ki ekri nan Liv la:
Ou prèt pou tout tan menm jan ak Mèlkisedèk. (aiōn g165)
18 Konsa, yo mete ansyen regleman an sou kote, paske li
fèb, li pa t' kapab sèvi anyen ankò. 19 Lalwa Moyiz la pa t'
kapab rann anyen bon nèt sou tout pwen. Men, koulye a,

yo ban nou yon pi bèl espwa, kifè nou ka pwoche bò kot
Bondye. 20 Gen yon lòt bagay ankò: Se sèman Bondye
te fè a. Bondye te fè lòt yo prèt san l' pa t' fè sèman. 21
Men pou Jezi, Bondye te fè sèman lè li t'ap mete l' prèt,
paske li te di: Bondye fè sèman. L'ap toujou kenbe pawòl
li: Ou prèt pou tout tan. (aiōn g165) 22 Konsa, avèk Jezi sa
ban nou yon garanti, nou gen yon lòt kontra ak Bondye ki
pi bon lontan pase premye a. 23 Gen yon lòt diferans
ankò: Te gen anpil prèt nan lòt kategori a, paske se tout
tan yo t'ap mouri. Yon sèl pa t' ka kenbe travay la nèt
ale. 24 Men, Jezi li menm toujou vivan, li pa janm bezwen
renmèt travay prèt la bay okenn lòt moun pou fè l' nan
plas li. (aiōn g165) 25 Se poutèt sa, depi koulye a, epi pou
tout tan, li ka delivre tout moun, l'ap fè yo pwoche bò kot
Bondye paske li menm li toujou vivan, l'ap lapriyè Bondye
pou yo. 26 Konsa, Jezi se granprèt nou te bezwen an. Li
bon nèt, li pa janm fè okenn bagay ki mal, ni okenn peche.
Yo mete l' apa, yo wete l' nan mitan moun k'ap fè peche
yo. Bondye leve l', li mete l' pi wo pase syèl la. 27 Li pa
tankou lòt granprèt yo. Li pa bezwen ap ofri chak jou yon
bann bèt pou yo touye pou peche pa l' yo anvan, epi pou
peche pèp la apre sa. Li pa nan sa li menm. Li fè yon sèl
ofrann fini ak sa lè li te ofri tèt li a. 28 Dapre lalwa Moyiz
la, se moun ki poko bon nèt yo te mete sèvi granprèt.
Men, dapre pawòl sèman Bondye a, pawòl ki vin lontan
apre lalwa a, moun Bondye mete granprèt la, se Pitit li a
ki te vin bon nèt sou tout pwen pou tout tan. (aiōn g165)

8 Men bagay ki pi enpòtan nan tou sa m'ap di la a: Nou
gen yon kalite granprèt konsa ki chita sou bò dwat
fòtèy Bondye ki wa nan syèl la. 2 L'ap fè sèvis granprèt li
nan kote ki apa pou Bondye a, sa vle di, nan kay tout bon
an, kay Seyè a menm te bati. Se pa t' moun ki te bati l'
pou li. 3 Travay yon granprèt, se ofri kado ak bèt pou
touye bay Bondye. Nan kondisyon sa a, granprèt nou an
dwe gen kichòy pou l' ofri tou. 4 Si Jezi te sou latè, menm
senp prèt li pa ta ye, paske gen prèt deja ki la pou ofri
kado yo, dapre jan lalwa Moyiz la vle l' la. 5 Nan sèvis
prèt sa yo ap fè nan tanp ki sou latè a, se kopye y'ap
kopye sou sa k'ap fèt nan syèl la. Sa y'ap fè a ou ta di se
lonbraj sa k'ap fèt nan syèl la. Se konsa sa te ye pou
Moyiz tou. Lè Moyiz tapral moute tant lan, Bondye di li:
Gade byen pou ou ka fè tout bagay dapre modèl mwen te
moutre ou sou mòn lan. 6 Men, koulye a, sèvis granprèt
nou an gen pou l' fè a pi konsekan lontan pase sèvis prèt
sa yo. Paske, kontra li te ranje ant Bondye ak lèzòm lan pi
bon lontan, li gen pi bon pwomès ki garanti li. 7 Si premye
kontra a pa t' gen defo, pa ta gen nesesite pou yo ta fè
yon lòt kontra pou pran plas li. 8 Men, Bondye te gen
repwòch pou l' fè pèp li a. Se sak fè Bondye di: Gade, pa
rete lontan ankò anvan pou m' fè yon lòt kontra avèk pèp
Izrayèl la, avèk branch fanmi Jida a. 9 Bondye di ankò:
Se p'ap yon kontra tankou kontra mwen te fè avèk zansèt
yo a, lè m' te pran men yo pou m' te fè yo soti kite peyi
Lejip la. Yo pa t' fè tou sa yo te dwe fè dapre kontra mwen
te fè ak yo a. Se poutèt sa, mwen pa t' okipe yo tou. 10
Bondye di ankò: Men kontra mwen pral fè ak pèp Izrayèl
la, apre jou sa yo fin pase. M'a mete lwa m' yo nan lespri
yo, m'a make lwa m' yo nan kè yo. M'a tounen Bondye
tout bon pou yo, y'a tounen yon pèp ki apa pou mwen. 11
Pesonn p'ap bezwen moutre yon lòt moun anyen nan
peyi a. Pesonn p'ap bezwen di yon lòt nan peyi a: Manyè
chache konn Bondye. Paske, yo tout y'a konnen m', depi
sa ki tou piti a jouk sa ki pi gran an. 12 M'a padonnen sa
yo fè ki mal, mwen p'ap chonje peche yo ankò. 13 Lè
Bondye di li pral fè yon lòt kontra, li fè premye kontra a
pase mòd. Tou sa ki pase mòd, tou sa ki fin vye prèt pou
disparèt.

9 Premye kontra a te gen regleman pa l' pou jan yo dwe
fè sèvis pou Bondye nan tanp ki sou latè a. 2 Premye
bagay yo fè, yo moute yon gwo tant: se te kote yo te mete
apa pou sèvis Bondye a. Se la yo te mete gwo lanp sèt
branch lan, tab la ansanm ak pen yo ofri bay Bondye yo.
3 Dèyè dezyèm rido a, te gen yon lòt ti tant pi piti. Se te
kote yo te mete apa nèt pou Bondye menm lan. 4 Se la
lotèl an lò a te ye ansanm ak Bwat kote yo te sere kontra
a. Se sou lotèl la yo te konn boule lansan. Bwat la menm
te kouvri nèt ak lò. Anndan l' yo te mete yon ti ja an lò
tou ki te gen laman dezè a. Bò kote ti ja a, yo te mete
baton Arawon an ki te fleri, ansanm ak de moso wòch
plat kote yo te ekri pawòl kontra a. 5 Anwo bwat la, yo te
mete estati de zanj yo te rele cheriben. Se te pou fè moun
konnen Bondye la. Zèl zanj yo te louvri, yo te kouvri tout
kote yo ofri bèt pou touye pou peche yo. Men, nou pa gen
tan koulye a pou n' pale an detay sou bagay sa yo. 6 Lè
tout bagay fin nan plas yo konsa, prèt yo gen pou yo antre
chak jou nan premye tant lan pou fè sèvis. 7 Men, se
granprèt la ase ki gen dwa antre nan dezyèm ti tant lan. Li
fè l' yon sèl fwa chak lanne. Lè sa a, li pote san bèt yo te
ofri bay Bondye a pou tèt pa l' ansanm ak pou peche pèp
la fè san yo pa t' konnen. 8 Avèk tout aranjman sa yo,
Sentespri fè nou wè chemen ki pou mennen nou kote
Bondye ye a poko louvri toutotan premye tant la kanpe
toujou. 9 Sa se yon siy pou te fè nou konprann davans sa
k'ap pase koulye a. Sa vle di: pou moun k'ap fè sèvis sa
yo, nanpwen kado yo ka fè Bondye, nanpwen ofrann bèt
yo ka touye bay Bondye ki pou lave konsyans yo devan
Bondye. 10 Nan tout bagay sa yo, se yon keksyon de sa
ki bon pou manje, de sa ki bon pou bwè, de tout kalite
seremoni pou yo fè pou lave deyò kò moun. Prensip sa yo
vo kichòy jouk lè Bondye vin chanje tout bagay. 11 Men,
Kris la vini deja tankou granprèt k'ap bay benediksyon ki
gen pou vini yo. Tant kote l'ap fè sèvis li a pi gwo, pi bon
lontan. Se pa moun ki te bati li. Tant sa a pa fè pati bagay
ki sou latè. 12 Kris la pase nan tant lan, li antre kote yo
mete apa pou Bondye a, li ofri san an yon sèl fwa devan
Bondye epi li fini. Lè sa a, se pa t' san bouk kabrit ni san ti
towo bèf li te ofri. Se san pa l' menm li te ofri. Se sak fè li
antre yon sèl fwa a devan Bondye, li tou peye pou l' te ka
delivre nou pou tout tan. (aiōnios g166) 13 Si yo ka pran
san bouk kabrit ak san towo bèf ansanm ak san vyann ti

gazèl bèf yo boule sou lotèl la pou voye sou moun ki mete
tèt yo nan kondisyon yo pa ka sèvi Bondye dapre lalwa,
pou mete yo nan kondisyon pou yo fè sèvis Bondye, **14**
nou pa bezwen mande kisa san Kris la p'ap fè. Avèk
pouvwa Sentespri ki la tout tan an, li menm li ofri tèt li bay
Bondye tankou yon ofrann bèt ki bon nèt, san okenn defo.
Se konsa, san l' ap lave konsyans nou, l'ap delivre nou
anba esklavaj lalwa k'ap touye nou an pou nou ka sèvi
Bondye vivan an. **(aiōnios g166)** **15** Se poutèt sa, Kris la se
yon avoka ki tabli yon nouvo kontra ant Bondye ak lèzòm.
Konsa, moun Bondye rele yo, yo ka resevwa eritaj ki la
pou tout tan an, jan Bondye te pwomèt la. Tou sa, paske
Kris la mouri. Avèk mouri li mouri a, li delivre tout moun
anba chenn peche yo te fè sou premye kontra a. **(aiōnios
g166)** **16** Lè gen yon kontra osinon yon testaman, se pou
yo bay prèv moun ki te fè l' la mouri byen mouri. **17** Paske,
yon testaman pa vo anyen toutotan moun ki fè l' la vivan
toujou. Lè moun ki fè l' la mouri, se lè sa a testaman an
bon. **18** Se poutèt sa, menm pou premye kontra a se apre
yo te fin fè san bèt yo te ofri yo koule li te bon. **19** Premye
bagay Moyiz te fè, li te li tout kòmandman yo bay pèp la,
jan sa ye nan lalwa a. Apre sa, li pran san ti towo bèf yo
ak san bouk kabrit yo, li mele l' ak dlo, li pran yon branch
izòp ak yon moso lenn wouj, li wouze Liv lalwa a ansanm
ak tout pèp la avèk melanj la. **20** Lè sa a, li di: Sa se san
ki sèvi pou siyen kontra Bondye mande pou nou kenbe a.
21 Moyiz voye san an sou tout tant lan, sou tout bagay ki
sèvi nan tant lan. **22** Dapre lalwa, san an mete prèske
tout bagay nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Si san pa
koule, nanpwen padon pou peche yo. **23** Tout bagay sa
yo se kopye Moyiz te kopye yo sou bagay tout bon ki
nan syèl la. Si se pou yo te mete tout bagay sa yo ki yon
senp pòtre bagay tout bon yo nan kondisyon pou fè sèvis
Bondye konsa, bagay ki nan syèl la menm mande yon pi
gwo kalite ofrann bèt toujou. **24** Kris la pa t' antre nan yon
kay moun te bati pou Bondye sou modèl kay Bondye a. Li
antre nan syèl la menm, kote li kanpe koulye a devan
Bondye pou nou. **25** Granprèt jwif yo antre chak lanne nan
kote ki apa pou Bondye menm lan avèk san bèt yo touye
bay Bondye. Men, Kris la menm pa antre plizyè fwa pou
ofri tèt li. **26** Si se pa t' sa, li ta blije soufri plizyè fwa tou
depi lè Bondye te kreye tout bagay. Men, koulye a, lè tout
bagay prèt pou fini, li parèt yon sèl fwa, li bay tèt li tankou
bèt yo ofri pou wete tout peche, epi li fini. **(aiōn g165)** **27**
Tout moun gen pou mouri yon sèl fwa, apre sa, Bondye
gen pou jije yo. **28** Konsa tou, Kris la ofri tèt li pou li mouri
yon sèl fwa pou wete peche anpil moun. Li gen pou l'
tounen yon dezyèm fwa. Men, lè sa a, se p'ap pou wete
peche nou, se va pou delivre tout moun k'ap tann li yo.

10 Lalwa Moyiz la pa t' menm yon bon pòtre bagay ki
la tout bon yo. Se yon senp lonbraj benediksyon ki
gen pou vini yo li ye. Moun ki pwoche bò kote Bondye
avèk menm kalite ofrann bèt y'ap plede ofri chak lanne
san rete a, moun sa yo, lalwa pa ka fè yo vin bon nèt. **2** Si
moun ki fè sèvis sa yo pou Bondye te lave tout bon anba
peche yo, yo pa ta santi yo koupab okenn peche ankò. Yo
ta sispann fè ofrann bèt pou touye. **3** Men, okontrè, chak
lanne bèt yo touye yo fè moun yo chonje jan yo peche. **4**
Tou sa, paske san bouk ak san jenn towo bèf p'ap janm
ka wete peche moun. **5** Se poutèt sa, lè Kris la tapral vin
sou latè, li di Bondye: Ou pa bezwen yo fè okenn ofrann
bèt pou yo touye pou ou, ni pou yo fè ou kado anyen.
Men, ou ban m' yon kò. **6** Se pa ofrann vyann bèt yo
boule sou lotèl la k'ap fè ou plezi. Ni se pa ofrann bèt
yo touye pou wete peche yo k'ap fè ou plezi. **7** Lè sa a,
mwen di: Men mwen, Bondye. Mwen vin pou fè volonte
ou, jan sa ekri sou mwen nan liv lalwa a. **8** Premye bagay
li di se: Ou pa bezwen yo fè okenn ofrann bèt pou yo
touye pou ou, ni pou yo fè ou kado anyen, ni ofrann vyann
bèt yo boule sou lotèl la, ni ofrann bèt yo touye pou wete
peche yo: bagay sa yo pa fè ou plezi. Men, tout ofrann
bèt sa yo, se yo lalwa Moyiz la mande. **9** Apre sa, li di:
Men mwen, Bondye. Mwen vin pou fè volonte ou. Konsa,
Bondye aboli tout ansyen ofrann bèt yo, li ranplase yo ak
ofrann Kris la menm. **10** Kifè nou netwaye anba peche
nou yo, se paske Jezikri te fè tou sa Bondye te vle, li ofri
kò pa li bay Bondye yon sèl fwa, epi l' fini. **11** Pou prèt jwif
yo, se chak jou pou yo kanpe ap fè sèvis yo. Y'ap plede
ofri menm sakrifis yo plizyè fwa. Men, sakrifis sa yo p'ap
janm ka wete peche. **12** Men, Kris la pou tèt pa l' fè yon
sèl ofrann san pou tout peche yo, yon ofrann san ki bon
pou tout tan. Apre sa, li chita sou bò dwat Bondye. **13**
Koulye a, se la l'ap tann Bondye mete tout lènmi l' yo
tankou yon ti ban pou lonje pye li. **14** Konsa, avèk sèl
ofrann li fè a, li fè moun li netwaye anba peche yo bon nèt
pou tout tan. **15** Se sa Sentespri di nou tou. Paske, lè li fin
di: **16** Men kontra mwen pral fè ak yo apre jou sa yo. Se
Bondye menm ki di sa. M'a mete lwa m' yo nan kè yo, m'a
make lwa m' yo nan lespri yo. **17** Apre sa, li di: Mwen p'ap
janm chonje ni peche yo, ni sa yo fè ki mal. **18** Konsa,
lè Bondye fin padonnen peche yo, pa gen nesesite pou
yo fè ofrann ankò pou wete peche. **19** Konsa, frè m' yo,
gremesi san Kris la ki koule lè li mouri pou nou an, nou
gen antre lib kote yo mete apa pou Bondye a. **20** Kris la
louvri yon chemen nèf pou nou, yon chemen k'ap ban nou
lavi, yon chemen ki pase nan mitan vwal la, sa vle di:
nan kò l' menm. **21** Nou gen yon granprèt ki reskonsab
tout kay Bondye a. **22** Ann pwoche bò kot Bondye ak
tout kè nou, ak yon konfyans byen chita, san nou pa gen
anyen nan kè nou ki pou boulvèse konsyans nou, kò nou
menm byen netwaye nan yon dlo byen pwòp. **23** Ann
kenbe espwa nou genyen an byen fèm. Paske, nou mèt
sèten, Bondye ap kenbe pwomès li. **24** Se pou nou yonn
veye sou lòt pou yonn ka ede lòt gen renmen nan kè nou,
pou yonn ka ankouraje lòt nan fè sa ki byen. **25** Pa pran
egzanp sou moun ki pran abitid pa vin nan reyinyon nou
yo. Okontrè, se pou yonn ankouraje lòt fè sa, koulye a pi
plis pase anvan, paske nou wè jou Seyè a ap pwoche. **26**
Si, apre nou fin konn verite a, nou toujou ap fè sa nou
konnen ki mal, pa gen ofrann bèt ki ka wete peche sa

yo. 27 Nou mèt pè kont kò nou. Yon sèl bagay ki rete
pou nou fè, se rete tann jijman an ansanm ak gwo dife ki
gen pou vin detwi tout lènmi Bondye yo. 28 Lè yon moun
te dezobeyi lalwa Moyiz la, depi te gen de osinon twa
moun ki vin depoze kont li, se touye pou yo te touye l' san
pitye. 29 Nou pa bezwen mande kisa ki va rive yon moun
k'ap meprize Pitit Bondye a, yon moun ki pran san Pitit
Bondye a pou anyen, san ki sèvi pou siyen kontra Bondye
a, san ki mete nou nan kondisyon pou fè sèvis Bondye a,
san ki mete nou apa pou Bondye a. Wi, nou pa bezwen
mande kisa ki va rive yon moun k'ap joure Lespri Bondye
ki ban nou favè li a. Nou tou konnen li merite yon pi gwo
chatiman. 30 Nou menm, nou konnen moun ki te di: Se
mwen menm sèl ki gen dwa tire revanj, se mwen menm
sèl ki va bay moun sa yo merite. Se li menm tou ki te di:
Bondye gen pou l' jije pèp li a. 31 Aaa! Se yon bagay terib
wi, pou yon moun tonbe anba men Bondye vivan an! 32
Chonje sa ki te rive nou nan tan lontan. Lè sa a, nou te
fèk fin resevwa limyè Bondye a, nou te soufri anpil. Men,
nou te kenbe fèm nan batay la. 33 Yon lè, se nou menm
yo t'ap joure, yo t'ap maltrete devan tout moun. Yon lòt lè,
se nou menm, pou tèt pa nou, ki te al pran pou moun yo
t'ap joure yo, pou moun yo t'ap maltrete yo. 34 Nou te
soufri ansanm ak tout moun ki te nan prizon. Menm lè yo
te sezi tout byen nou yo, nou te kontan asepte pèdi yo,
paske nou te konnen nou gen yon richès ki pi bon, k'ap
la pou tout tan. 35 Pa pèdi lasirans nou te genyen an.
Paske, gen yon gwo rekonpans ladan li. 36 Men, nou
bezwen pasyans pou nou ka fè sa Bondye vle, pou nou
ka resevwa sa l' te pwomèt la. 37 Paske, men sa ki ekri
nan Liv la: Nan yon ti tan ankò, pa gen pou lontan menm,
Moun ki gen pou vini an ap vini. Li p'ap pran reta ankò. 38
Moun mwen fè gras la ap viv, paske li gen konfyans nan
mwen. Men, si l' vire do l' tounen fè bak, li p'ap fè kè m'
kontan. 39 Nou menm, nou p'ap fè tankou moun sa yo
k'ap twenn dèyè, k'ap pèdi tèt yo. N'ap fè tankou moun ki
gen fèm konfyans nan Bondye, moun k'ap delivre nanm
yo.

11 Lè yon moun di li gen konfyans nan Bondye, sa vle
di li sèten li gen pou l' resevwa sa l'ap tann lan. Li
gen konviksyon bagay nou pa ka wè ak je nou egziste
tout bon vre. 2 Se paske granmoun lontan yo te gen
konfyans nan Bondye kifè Bondye te moutre li dakò ak yo.
3 Se paske nou gen konfyans nan Bondye kifè nou ka
konprann se Pawòl Bondye a ki kreye tout bagay. Li sèvi
ak sa nou pa ka wè pou li te fè tou sa nou ka wè. (aiōn
g165) 4 Se paske Abèl te gen konfyans nan Bondye kifè li
te ofri bay Bondye yon ofrann bèt ki pi bon pase pa Kayen
an. Paske li te gen konfyans, Bondye asepte l' pou yon
moun ki dwat. Se konsa Bondye te asepte kado li te fè l'
la. Se paske li te gen konfyans sa a kifè Abèl ap pale
toujou jouk koulye a, atout li mouri. 5 Se paske Enòk te
gen konfyans nan Bondye kifè li moute nan syèl la bò kot
Bondye san li pa janm mouri; apre sa, pesonn pa janm wè
kote l' ye ankò. Se Bondye menm ki te fè pran l' mennen
l' bò kote li. Nou jwenn ekri nan Liv la ki jan Enòk te fè
Bondye plezi lontan anvan Bondye te fè l' moute nan syèl
la. 6 Nou konnen pesonn pa ka fè Bondye plezi si li pa
gen konfyans nan Bondye. Moun ki vle pwoche bò kot
Bondye, se pou yo kwè gen yon Bondye, yon Bondye k'ap
rekonpanse tout moun k'ap chache li. 7 Se paske Noe te
gen konfyans nan Bondye kifè Bondye te fè l' konnen
davans bagay ki tapral rive, bagay li menm Noe pa t'
ankò kapab wè. Li koute Bondye, li bati yon gwo batiman.
Se ladan batiman sa a li te jwenn delivrans ansanm ak
tout fanmi li. Se konsa, li kondannen tout lòt moun yo.
Men, Bondye te fè Noe gras paske Noe te gen konfyans
sa a nan li. 8 Se paske Abraram te gen konfyans nan
Bondye kifè li te obeyi lè Bondye te rele l' la. Li pati pou
peyi Bondye tapral ba li pou pòsyon eritaj pa li. Li leve, li
kite peyi l' la, san l' pa t' konnen ki bò li taprale. 9 Paske
li te gen konfyans nan Bondye, se anba tant twal li te
rete. Li t'ap viv nan peyi Bondye te pwomèt li a tankou
yon etranje ki depasaj. Se konsa Izarak ak Jakòb te fè
tou, yo menm ki te resevwa menm pwomès la nan men
Bondye. 10 Paske, Abraram menm t'ap tann lavil ki gen
bon fonadasyon solid la. Se Bondye ki te fè plan lavil sa
a, epi se li menm tou ki te bati li. 11 Se paske Abraram te
gen konfyans nan Bondye kifè Bondye te ka fè l' fè pitit,
atout li te fin depase laj pou sa, atout Sara pou tèt pa
l' tou pa t' kapab fè pitit ankò. Li te sèten Bondye t'ap
kenbe pwomès li. 12 Se konsa, yon sèl nonm ki te tou
fin mouri rive gen kantite pitit pitit moun pa ka konte: yo
tankou zetwal nan syèl la, yo tankou grenn sab bò lanmè.
13 Tout moun sa yo mouri ak konfyans pou Bondye nan
kè yo. Yo pa t' gen tan resevwa benediksyon Bondye te
pwomèt yo, men yo wè benediksyon yo byen, lwen, yo
salwe yo delwen. Yo tout te deklare se etranje depasaj
sou latè yo ye, tankou moun yo depòte. 14 Lè yo t'ap pale
konsa, yo te tou fè moun wè yo t'ap chache yon peyi ki
peyi pa yo. 15 Si yo te regrèt latè apre yo te fin kite l', yo
ta ka gen chans tounen ladan l' ankò. 16 Okontrè, yo
te dèyè yon lòt peyi ki pi bon, sa vle di: peyi ki nan syèl
la. Se poutèt sa, Bondye pa wont di se Bondye yo li ye,
paske l'ap pare yon lavil pou yo. 17 Se paske Abraram te
gen konfyans nan Bondye kifè li te asepte touye Izarak
tankou yon ofrann bèt bay Bondye, lè Bondye te vle wè
jouk ki bò konfyans li t'ap rive a. Abraram te tou pare pou
l' te ofri bay Bondye sèl pitit gason Bondye te pwomèt li a.
18 Bondye te di l' konsa: Se Izarak ki pral ba ou anpil pitit
pitit. 19 Men, Abraram te mete nan tèt li Bondye te gen
pouvwa pou l' te fè Izarak leve vivan ankò soti nan lanmò.
Se konsa, nan yon sans, nou ka di Izarak soti vivan nan
lanmò, li tounen vin jwen papa l' ankò. 20 Se paske Izarak
te gen konfyans nan Bondye kifè, lè li t'ap beni Jakòb
ak Ezaou, li te pwomèt yo anpil benediksyon pou pita.
21 Se paske Jakòb te gen konfyans nan Bondye kifè li
te gen tan beni tout pitit Jozèf yo yonn apre lòt anvan l'
mouri. Lèfini li apiye sou tèt baton li, li adore Bondye. 22
Se paske Jozèf te gen konfyans nan Bondye kifè, lè li

tapral mouri, li te fè pitit Izrayèl yo konnen yon jou yo te
gen pou yo te kite peyi Lejip la. Se lè sa a tou li ba yo
lòd sa pou yo fè ak zosman l' yo. 23 Se paske papa ak
manman Moyiz te gen konfyans nan Bondye kifè yo te
rive sere l' pandan twa mwa apre li te fin fèt. Yo te wè jan
li te yon bèl ti pitit, yo pa t' pè dezobeyi lòd wa a te bay
la. 24 Se paske Moyiz te gen konfyans nan Bondye kifè,
lè li vin gran, li te refize pote non pitit fi farawon an. 25
Li te pito kite yo maltrete li ansanm ak pèp Bondye a,
pase pou l' te asepte pran plezi l' nan peche pou yon ti
tan. 26 Tankou moun Bondye te chwazi pou voye a, li te
konsidere li te pi rich lè yo t'ap pase l' nan betiz pase si
l' te gen tout richès ki nan peyi Lejip la. Tou sa, paske
je l' te fikse sou rekonpans Bondye t'ap pare pou li a.
27 Se paske Moyiz te gen konfyans nan Bondye kifè li
te kouri kite peyi Lejip, san l' pa t' pè kòlè wa a. Li pa t'
chanje lide menm, tankou si l' te wè Bondye moun pa ka
wè a. 28 Se paske Moyiz te gen konfyans nan Bondye
kifè li te fete fèt Delivrans lan, li bay lòd make pòt kay
yo ak san an pou zanj Bondye a pa t' touye premye pitit
gason pèp Izrayèl yo. 29 Se paske pitit Izrayèl yo te gen
konfyans nan Bondye kifè yo te kapab pase nan mitan
lanmè Wouj la tankou si yo t'ap mache sou tè sèk. Men,
lè moun peyi Lejip yo vin seye fè menm bagay tou, lanmè
a kouvri yo. 30 Se paske pitit Izrayèl yo te gen konfyans
nan Bondye kifè miray lavil Jeriko a te tonbe, apre pèp la
te fin pase sèt jou ap fè wonn lavil la. 31 Se paske Rarab,
fanm movèz vi a, te gen konfyans nan Bondye kifè li pa
t' mouri ansanm avèk moun ki te desobeyi Bondye yo.
Paske, li menm li te byen resevwa espyon pèp Izrayèl
yo lakay li. 32 Kisa m' ta di nou ankò? Se tan mwen pa
genyen pou m' ta pale nou sou Gedeyon, Barak, Samson,
Jefte, David, Samyèl ak tout pwofèt yo. 33 Ak konfyans
yo te gen nan Bondye a, yo goumen, yo pran peyi lòt
moun nan men yo, yo gouvènen san patipri, yo resevwa
sekou Bondye te pwomèt la. Yo fèmen bouch lyon yo, 34
yo touye gwo gwo dife, yo chape anba men moun ki te vle
touye yo ak nepe. Yo te fèb, men yo vin gen fòs, sa te
rann yo vanyan anpil nan lagè, kifè yo te ka kraze lame
etranje yo. 35 Ak konfyans yo te gen nan Bondye a, anpil
fanm wè moun pa yo ki te mouri tounen leve vivan ankò.
Gen ladan yo yo matirize jouk yo mouri. Yo refize asepte
okenn moun vin delivre yo, pou yo te ka leve soti nan
lanmò, antre nan yon lavi ki pi bon. 36 Gen lòt ladan yo
moun pase anba betiz, yo bat yo byen bat. Gen lòt ankò
yo mare yo ak chenn, yo jete yo nan prizon. 37 Yo touye
yo anba kout wòch, yo siye yo fè de moso, yo touye yo ak
nepe. Se kouri yo t'ap kouri soti yon kote al nan yon lòt
tèlman moun t'ap pèsekite yo, tèlman yo t'ap maltrete yo.
Se po mouton ak po kabrit yo pran sèvi rad tèlman yo te
pòv. 38 Moun konsa, latè pa t' bon ase pou yo. Yo t'ap
kouri moute kouri desann nan dezè yo, nan mòn yo. Yo
t'ap viv nan twou wòch ak nan twou tè. 39 Tout moun sa
yo, Bondye te dakò ak yo paske yo te gen konfyans nan
li. Men, atousa, yo pa t' resevwa sa Bondye te pwomèt la.
40 Bondye te sere yon pi bon bagay ankò pou nou. Li pa t'
vle pou moun sa yo te rive bon nèt kite nou dèyè. Sèl jan
pou moun sa yo te ka rive bon nèt, se ansanm ak nou.

12 Konsa, nou la nan mitan foul moun sa yo ki te
moutre jan yo te gen konfyans nan Bondye. Ann
voye tout bagay k'ap antrave kous nou jete byen lwen,
ansanm ak peche a ki fasil pou vlope nou. Ann kouri avèk
pasyans nan chemen Bondye mete devan nou an. 2 Ann
kenbe je nou kole sou Jezi. Se nan li konfyans nou soti,
se li menm tou k'ap kenbe nou nan konfyans sa a jouk sa
kaba. Li kite yo fè l' soufri sou kwa a. Li pa pran wont sa a
pou anyen, paske li te toujou chonje apre l' te fin soufri
a, Bondye t'ap fè kè l' kontan. Kifè koulye a li chita sou
bò dwat fotèy Bondye a. 3 Egzaminen ka li byen. Gade
tou sa li sibi nan men bann pechè sa yo ki pa t' vle wè l'
menm. Konsa tou, pa kouri pou batay la. Pa dekouraje. 4
Paske nan batay n'ap mennen kont peche a, nou poko
goumen jan nou ta dwe jouk pou nou ta mouri. 5 Eske
nou gen tan bliye pawòl Bondye te di pou ankouraje nou
tankou pitit li? Pitit mwen, lè Bondye ap peni ou, pa pran
sa an jwèt. Lè l'ap fè ou repwòch, pa dekouraje. 6 Paske
Bondye peni moun li renmen. Se moun li rekonèt pou pitit
li li bat. 7 Enben, sipòte soufrans sa yo tankou si se papa
nou k'ap peni nou. Paske soufrans sa yo se prèv Bondye
konsidere nou pou pitit li. Nou janm tande yon papa ki pa
janm peni pitit li? 8 Si Bondye pa peni nou tankou tout
papa peni pitit yo, sa vle di nou pa pitit lejitim Bondye tout
bon, nou se pitit deyò. 9 Chonje sa papa nou sou latè a
konn fè. Yo peni nou. Malgre sa, nou toujou respekte yo.
Nou pa bezwen mande jan nou dwe soumèt devan Papa
nou ki nan syèl la, si nou bezwen viv. 10 Papa nou sou
latè a te konn peni nou pou yon ti tan, dapre sa yo te kwè
ki te bon. Men, Bondye peni nou pou byen pa nou menm,
pou nou ka rive viv menm jan l'ap viv la. 11 Lè y'ap peni
nou, sa yon ti jan vle fè nou plis lapenn pase pou l' ta fè
nou kontan. Men pita, moun ki soti byen elve apre tout
penisyon sa yo, yo pral mennen yon lavi byen dwat ak kè
poze. 12 Se poutèt sa, souke kò nou. Pa kite fatig antre
sou nou. 13 Mache kote ki plat pou pye k'ap bwete a pa
foule pi plis, okontrè pou l' ka geri. 14 Chache viv ak kè
poze ak tout moun. Mennen yon lavi apa pou Bondye. Si
se pa sa, pa gen moun k'ap wè Seyè a. 15 Pa kite pesonn
vire do bay favè Bondye a. Pa kite pesonn tounen tankou
yon plant anmè k'ap pouse rasin k'ap anpwazonnen lòt
yo. 16 Pa kite pesonn tonbe nan move vis, ni pèdi respè
yo dwe genyen pou bagay ki fèt pou respekte, tankou
Ezaou ki te vann dwa li kòm premye pitit pou yon plat
manje. 17 Nou konnen ki jan pita, lè li te vle resevwa
benediksyon papa li, yo te mete l' sou kote. Malgre tout
kriye li te kriye bay papa a, pa t' gen mwayen chanje sa ki
te fin fèt la. 18 Nou pa t' pwoche bò kot yon bagay nou ka
manyen tankou pèp Izrayèl la ki te pwoche bò kot Mòn
Sinayi a. Sou mòn sa a te gen yon gwo dife ansanm ak
yon fènwa ki pa t' piti, te gen yon bann bagay tou pou fè
moun pè. Yon gwo van tanpèt t'ap soufle sou mòn lan. 19

Yo te tande son klewon k'ap kònen, ansanm ak vwa yon
moun k'ap pale. Lè pitit Izrayèl yo tande vwa sa a, yo
mande l' sispann pale. 20 Yo pa t' kapab sipòte lòd li te ba
yo lè li te di: Menm si se yon bèt ki mete pye l' sou mòn sa
a, se pou yo touye l' ak kout wòch. 21 Moyiz menm, sa l'
te wè devan je l' yo se te bagay terib. Se poutèt sa li te di:
M'ap tranble kou fèy bwa tèlman mwen pè. 22 Okontrè,
nou pwoche bò kot Mòn Siyon an, bò kot lavil Bondye
vivan an, ki vle di: Jerizalèm ki nan syèl la ansanm ak tout
kantite zanj li yo. 23 Nou pwoche kote tout premye pitit
Bondye yo sanble ak kè kontan, yo menm ki gen non yo
ekri nan Liv ki nan syèl la. Nou pwoche bò kot Bondye ki
gen pou jije tout moun lan, kote lespri moun ki fin bon nèt
yo ye a. 24 Nou pwoche bò kot Jezikri, moun ki ranje
nouvo kontra a, bò kote san ki koule a, yon san ki pale
nou pi byen pase san Abèl la. 25 Veye kò nou! Pa refize
koute pawòl moun k'ap pale ak nou an. Moun ki te refize
koute pawòl moun ki t'ap ba yo avètisman Bondye sou
latè a, yo pa t' chape anba chatiman an. Nou pa bezwen
mande si nou menm nou ka delivre si nou vire do bay
moun k'ap pale ak nou antan l' nan syèl la. 26 Nan tan
lontan, lè Bondye te pale, tè a te tranble. Men, koulye a, li
fè nou pwomès sa a: Yon lòt fwa, se pa latè a ase m'ap fè
tranble. M'ap fè syèl la tranble tou. 27 Lè li di yon lòt fwa li
fè nou konprann lè sa a se tout bagay Bondye te kreye yo
ki pral pran tranble. Yo pral disparèt. Konsa se bagay ki
byen fèm yo k'ap rete. 28 Peyi wa nou resevwa pou eritaj
la pa ka brannen. Se pou nou di mèsi pou sa. Ann fè wè
nou pa bliye sa li fè pou nou. Ann sèvi Bondye yon jan ki
pou fè l' plezi, avèk respè, avèk krentif. 29 Paske Bondye
nou an se tankou yon dife k'ap detwi tout bagay.

13 Se pou nou toujou yonn renmen lòt tankou frè k'ap
viv ansanm nan Kris la. 2 Chonje se devwa nou
pou nou byen resevwa moun ki vin lakay nou. Se konsa,
gen moun ki resevwa zanj Bondye lakay yo san yo pa
konn sa. 3 Pa bliye moun ki nan prizon yo, tankou si
nou menm tou nou te nan prizon ansanm ak yo. Pa bliye
moun y'ap maltrete yo, paske nou menm tou nou gen yon
kò. 4 Maryaj se yon bagay tout moun dwe respekte anpil.
Moun ki marye yo dwe rete fidèl yonn ak lòt. Bondye gen
pou jije moun k'ap mennen movèz vi yo ansanm ak moun
k'ap fè adiltè yo. 5 Pa kite renmen lajan pran nanm nou.
Se pou nou kontan ak sa nou genyen. Paske Bondye te
di: Mwen p'ap janm vire do ba ou, mwen p'ap janm lage
ou. 6 Konsa, nou kapab di avèk konfyans: Se Bondye
k'ap vin ede mwen. Mwen pa pè anyen. Kisa moun ka fè
mwen? 7 Pa bliye moun ki te konn dirije nou yo, moun
ki te fè nou konnen pawòl Bondye a. Egzaminen jan yo
te viv, jan yo te mouri. Pran egzanp sou konfyans yo. 8
Jezikri se menm moun lan ayè, jòdi a ak pou tout tan.
(aiōn g165) 9 Pa kite tout kalite lòt pawòl moun ap moutre
yo fè nou pèdi bon chemen an. Li pi bon pou kè nou lè fòs
nou pa soti nan sa nou manje ak sa nou pa manje, men
nan renmen Bondye gen pou nou an. Paske moun k'ap
gade sou manje pa janm jwenn okenn benefis. 10 Nou
gen yon lotèl ki pa nou. Prèt k'ap sèvi nan tanp jwif yo pa
gen dwa manje nan vyann ofrann bèt nou fè sou lotèl sa
a. 11 Lè y'ap fè ofrann bèt pou touye pou peche yo, se
san an ase granprèt jwif la pote pou ofri nan kote ki apa
pou Bondye a. Men, yo boule kò bèt yo lòt bò pòtay lakou
kote moun yo rete a. 12 Se poutèt sa, Jezi te mouri lòt bò
pòtay lavil la, pou l' te ka mete pèp la nan kondisyon pou
yo fè sèvis Bondye ak pwòp san pa li ki te koule. 13 Nou
menm tou, ann soti al jwenn li lòt bò pòtay lakou a pou n'
soufri menm wont la ansanm ak li. 14 Paske nou pa gen
sou latè yon lavil ki la pou tout tan. N'ap chache lavil ki
gen pou vini an. 15 Gremesi Jezikri, sèl ofrann san n'ap
ofri bay Bondye a, se lwanj n'ap ba li tout tan. Se tout tan
pou non l' nan bouch nou. 16 Pa bliye, se pou nou fè
sa ki byen, se pou nou yonn ede lòt. Se ofrann konsa ki
fè Bondye plezi. 17 Obeyi chèf nou yo, soumèt devan
yo. Se tout tan y'ap veye sou nanm nou paske yo gen
pou yo rann Bondye kont pou travay yo. Si nou obeyi yo,
y'a fè travay yo ak kè kontan. Men, si nou pa obeyi yo,
y'a fè l' ak kè sere. Lè sa a, p'ap gen okenn avantaj pou
nou. 18 Pa sispann lapriyè pou mwen. Mwen sèten mwen
gen konsyans mwen anpè. Paske mwen vle fè sa ki byen
nan tout sikonstans. 19 M'ap mande nou pou nou lapriyè
toutespre pou Bondye ban m' okazyon tounen vin jwenn
nou anvan lontan. 20 Men sa m'ap mande Bondye pou
nou, li menm ki te fè Jezi, Gran Gadò mouton yo, leve soti
vivan pami mò yo. Jezi se Seyè nou an ki te mouri pou l'
te ka siyen kontra ki la pou tout tan an ak san li. (aiōnios
g166) 21 M'ap mande Bondye ki bay kè poze a pou l' fè
nou favè sa a, pou nou fè tou sa ki byen, pou n' kapab fè
volonte li. M'ap mande l' tou pou l' fè travay ki fè l' plezi
nan nou, gremesi Jezikri. Tout lwanj lan pou Jezikri pou
tout tan tout tan. Amèn. (aiōn g165) 22 Tanpri, frè m' yo,
m'ap mande nou pou nou koute pawòl ankourajman sa yo
ak pasyans, paske sa m' di nan lèt mwen ekri nou an pa
long. 23 Mwen vle fè nou konnen yo gen tan lage Timote,
frè nou an. Si li rive bònè, m'a pran l' avè m' lè m'ap vin
wè nou. 24 Di tout moun k'ap dirije nou yo bonjou ansanm
ak tout pèp Bondye a. Tout frè ki nan peyi Itali yo voye
bonjou pou nou tout. 25 benediksyon Bondye avèk nou
tout. Amèn.

Jak

1 Mwen menm Jak, sèvitè Bondye ak Jezikri Seyè nou
an, m'ap ekri lèt sa a pou douz branch fanmi yo ki
gaye toupatou sou latè. Bonjou pou nou tout. **2** Frè m' yo,
se pou nou santi nou kontan anpil lè nou wè nou tonbe
anba nenpòt kalite eprèv. **3** Paske, nou konnen byen, lè
konfyans nou gen nan Bondye a tonbe anba eprèv, sa ban
nou pasyans. **4** Men, fòk pasyans sa a fin fè travay li nèt
pou nou kapab bon nèt sou tout pwen, byen devlope, san
nou pa manke anyen. **5** Si yon moun pami nou manke
bon konprann, se pou l' mande Bondye, Bondye va ba li li.
Paske, Bondye bay tout moun san mezire, pou gremesi. **6**
Men, se pou li mande ak konfyans, san l' pa gen doutans.
Paske, moun ki gen doutans, li tankou lanm lanmè van ap
boulvèse. **7** Yon moun konsa pa bezwen mete nan tèt li
l'ap resevwa anyen nan men Seyè a. **8** Se yon moun ki
pa konnen sa li vle, ki toujou ap chanje lide nan tou sa l'ap
fè. **9** Yon frè ki pòv dwe moutre jan li kontan lè Bondye fè
kichòy pou li. **10** Konsa tou, yon frè ki rich dwe moutre jan
l' kontan tou lè Bondye rabese li. Paske, moun ki rich gen
pou pase tankou flè zèb. **11** Solèy la leve ak tout chalè li.
Li cheche zèb la. Flè a tonbe. Tout bèlte l' disparèt. Konsa
tou, moun rich la gen pou l' disparèt pandan tout kòmès li
ap mache. **12** benediksyon pou moun ki sipòte eprèv li ak
pasyans. Lè la fin pase anba eprèv yo, la resevwa pou
rekonpans lavi Bondye te pwomèt tout moun ki renmen li
yo. **13** Lè eprèv tonbe sou yon moun, lè l' anba tantasyon,
moun sa a pa dwe di se Bondye k'ap tante li. Paske,
menm jan Bondye pa janm anba tantasyon pou fè sa ki
mal, konsa tou Bondye pa ka tante pesonn pou fè l' fè sa
ki mal. **14** Men, lè yon moun anba tantasyon, se pwòp
move dezi moun lan k'ap rale l', k'ap pouse li. **15** Konsa,
move dezi a travay nan kè li, li fè l' fè peche. Lè peche a
fin fèt, li bay lanmò. **16** Frè mwen renmen anpil yo, pa
twonpe tèt nou sou bagay sa a. **17** Tout pi bèl favè, tout pi
bon kado nou resevwa, se anwo nan syèl la yo soti, nan
men Bondye ki kreye tout limyè. Bondye pa janm chanje,
ni li pa gen anyen ki ta ka sanble yon chanjman nan li.
18 Gremesi pawòl verite a, li ban nou lavi jan l' te vle l'
la, pou nou kapab gen premye plas nan tou sa li kreye.
19 Frè mwen renmen anpil yo, men yon bagay pou nou
toujou chonje. Se pou tout moun prese louvri zòrèy yo
pou yo ka tande. Men, pa kouri pale, pa prese fè kòlè. **20**
Paske, kòlè lèzòm pa ka fè volonte Bondye. **21** Se poutèt
sa, derasinèn tout vye abitid ki pa dakò ak volonte Bondye
ansanm ak tout kras mechanste ki nan lavi nou, voye yo
jete. Soumèt nou devan Bondye, asepte pawòl li te plante
nan kè nou an, paske se pawòl sa a ki ka sove nanm nou.
22 Se pou nou fè tou sa pawòl la mande nou fè. Pa rete
ap koute ase. Lè sa a, se pwòp tèt nou n'ap twonpe. **23**
Paske, lè yon moun tande pawòl la ase, san li pa fè sa
pawòl la mande l' fè, li tankou yon moun ki gade figi l' nan
yon glas. **24** Men, kou l' vire do l' ale, lamenm li bliye kisa
li sanble. **25** Men, moun ki fikse je l' sou lalwa ki bon nèt
la, lalwa ki bay libète a, si l' soti pou l' fè sa lalwa a mande,
si li pa yon moun ki kite pawòl la antre nan yon zòrèy soti
nan yon lòt, men ki fè sa lalwa a mande, moun sa a va
jwenn benediksyon nan sa l'ap fè a. **26** Si yon moun kwè
l'ap sèvi Bondye, pou anmenmtan li pa bride lang li, se tèt
li l'ap twonpe. Sèvi Bondye jan sa a pa vo anyen. **27** Men
jan pou nou sèvi Bondye Papa a, si nou vle sèvi l' yon jan
ki dakò ak volonte Bondye, yon jan ki bon tout bon devan
li: SE pòte sekou bay timoun ki san papa. Se bay vèv
yo lasistans lè yo nan lafliksyon. Se pa mele nan move
bagay k'ap fèt sou latè pou nou pa pèdi kondisyon nou.

2 Frè m' yo, nou menm ki gen konfyans nan Jezikri,
Seyè nou an ki gen tout pouvwa pou li, nou pa dwe
gade sou figi moun. **2** Sipoze de moun vin antre nan
asanble nou, yonn gen yon bèl rechanj sou li ak yon bag
an lò nan dwèt li, lòt la tou pòv ak yon rad chire sou li. **3**
Si nou leve pou n' salwe nonm ki gen bèl rechanj lan, epi
nou di li: Msye, chita la nan bon plas sa a, epi si nou di
pòv la: Ou menm, kanpe bò la a, osinon, chita atè bò pye
m' lan, **4** èske nou pa mete yon diferans nan mitan nou?
Eske sa pa moutre nou gen move lide nan tèt nou lè n'ap
jije moun? **5** Frè mwen renmen anpil yo, tande sa byen:
Bondye chwazi moun ki pòv sou latè pou yo ka rich nan
konfyans nan Bondye, pou yo ka jwenn pòsyon pa yo
nan peyi li te pwomèt moun ki renmen l' yo. **6** Men, nou
menm, se meprize n'ap meprize moun pòv yo! Eske se
pa moun rich yo k'ap kraze nou, k'ap trennen nou nan
tribinal? **7** Se yo menm tou k'ap pale bèl non Bondye ban
nou an mal. **8** Jan sa ekri nan Liv la, lalwa gran Wa a di:
Se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp
tèt pa ou. Si nou fè sa, nou fè byen. **9** Men, si n'ap gade
sou figi moun, nou fè peche. Lalwa ap kondannen nou
pou dezobeyisans. **10** Paske, moun ki obsève tout lalwa a
men ki dezobeyi yon sèl nan kòmandman yo, se tankou si
l' te dezobeyi tout kòmandman yo. **11** Paske Bondye ki di:
Pa fè adiltè, se li menm tou ki di: Pa touye moun. Konsa,
menm si ou pa fè adiltè, men ou touye moun, ou dezobeyi
lalwa a. **12** Se pou nou pale, se pou nou aji tankou moun
ki gen pou pase anba jijman dapre lalwa ki ban nou libète
a. **13** Paske, lè Bondye ap jije, l'ap san pitye pou moun
ki te san pitye. Men, moun ki gen pitye pou lòt va soti
tèt dwat lè jou jijman an. **14** Frè m' yo, kisa sa fè pou
yon moun k'ap di li gen konfyans nan Bondye, si li pa fè
bagay pou moutre li gen konfyans lan vre? Eske konfyans
sa a ka delivre li? **15** Sipoze gen yon frè osinon yon sè
ki toutouni, ki pa manje kont li chak jou, **16** si yonn nan
nou di yo: Ou mèt ale. Chofe kò ou, manje plen vant ou,
san li pa ba yo sa yo bezwen, kisa sa ap fè pou yo? **17**
Konsa tou pou konfyans nan Bondye a: si l' pa fè nou fè
sa ki byen, si l' rete pou kont li, li mouri. **18** Men, gen
moun ki va di: Ou menm, ou gen konfyans. Mwen menm,
mwen fè sa ki byen. M'a reponn li: Moutre m' ki jan ou
ka gen konfyans san ou pa fè sa ki byen, mwen menm
m'ap moutre ou jan mwen gen konfyans ak sa m'ap fè
ki byen. **19** Ou kwè gen yon sèl Bondye. Ou fè byen.

Denmon yo tou yo kwè sa, men y'ap tranble sitèlman yo
pè. 20 Gade jan ou manke konprann! Eske ou vle wè ki
jan konfyans pa vo anyen si l' pa mache ak sa ou fè ki
byen? 21 Abraram granpapa nou, èske Bondye pa t' fè l'
gras poutèt sa li te fè lè l' te ofri Izarak, pitit li a, sou lotèl
la? 22 Ou wè. Konfyans li te mache ansanm ak sa li te fè.
Konsa tou, sa l' te fè a te fè konfyans li vin bon nèt. 23 Se
konsa, pawòl ki te ekri nan Liv la rive vre: Abraram te
mete konfyans li nan Bondye, epi Bondye fè l' gras. Se
sak fè yo te rele Abraram zanmi Bondye. 24 Ou wè: se pa
sèlman paske yon moun gen konfyans kifè Bondye fè l'
gras, men se paske li fè sa ki byen anmenmtan an tou. 25
Se menm jan an tou pou Rarab, fanm movèz vi a. Eske
se pa t' poutèt sa l' te fè a Bondye te fè l' gras, lè l' te
resevwa mesaje jwif yo, lè l' te fè yo pran yon lòt wout pou
tounen lakay yo? 26 Menm jan yon kò ki san nanm se
yon kò ki mouri, konsa tou, konfyans nan Bondye ki pa
mache ak fè sa ki byen se yon konfyans ki mouri.

3 Frè m' yo, se pa pou anpil moun nan mitan nou kouri
dèyè plas dirèktè. Paske, konnen byen: lè nou dirèktè,
Bondye ap jije nou pi sevè pase lòt yo. 2 Nou tout nou
bite nan plizyè sans. Yon moun ki pa janm bite nan pawòl
li, se yon moun ki bon nèt; moun sa a kapab kontwole tout
kò l' byen tou. 3 Nou mete yon mò nan bouch chwal pou
fè yo obeyi nou. Avèk sa, nou fè y ale kote nou vle. 4 Se
menm jan an tou ak bato. Gwo kou l' gwo, gwo van te mèt
ap pouse l', se yon ti gouvènay ki dirije li. Ak gouvènay
tou piti sa a, kaptenn lan mennen l'l kote l' vle. 5 Konsa
tou ak lang moun. Piti kou li piti, li vante tèt li pou gwo
bagay li ka fè. Gade ki jan yon ti flanm dife ka boule yon
gwo rakbwa! 6 Enben, lang se tankou dife. Se la tout
lenjistis rete. Paske se yon manm nan kò nou li ye, l'ap
kontaminen tout kò a nèt. Se lanfè menm ki mete dife
nan li. Apre sa, li menm pou tèt pa l', li mete dife nan
tout lavi nou. **(Geenna g1067)** 7 Moun ka donte tout kalite
bèt, zwezo, bèt ki trennen sou vant, bèt ki nan lanmè. Li
menm rive donte yo deja. 8 Men, pou lang lan menm,
pesonn poko ka donte li. Se yon move bagay ou pa ka
kontwole, li plen pwazon ki ka touye moun. 9 Avèk lang
nou, nou fè lwanj Bondye papa nou. Avèk menm lang lan,
nou bay moun madichon, moun Bondye te kreye pòtre ak
li. 10 Menm bouch la bay benediksyon, li bay madichon
tou. Frè m' yo, sa pa dwe fèt konsa. 11 Yon sous dlo pa
ka bay dlo dous ak dlo sale anmenmtan. 12 Frè m' yo,
yon pye fig frans pa ka donnen grenn oliv. Ni yon pye
rezen pa ka donnen fig frans. Dlo sale pa ka bay dlo
dous non plis. 13 Si gen nan mitan nou yon moun ki gen
bon konprann, ki gen lespri, se pou l' moutre sa ak bon
kondit li. Se pou l' fè sa ki byen san lògèy, men avèk bon
konprann. 14 Men, si n'ap fè jalouzi nan kè nou, si nou
kenbe moun nan kè nou, si n'ap kouri dèyè enterè pa
nou, pa vante tèt nou, pa fè manti sou laverite a. 15 Bon
konprann konsa pa soti nan Bondye, li soti nan lemonn,
nan moun ak nan dyab la. 16 Paske, kote ki gen jalouzi,
kote moun ap kouri dèyè enterè pa yo, fòk gen dezòd ak
tout kalite mechanste. 17 Pou konmanse, moun ki gen
bon konprann ki soti nan Bondye a ap fè volonte Bondye,
l'ap viv byen ak tout moun, l'ap respekte tout moun, l'ap
tande rezon, l'ap gen kè sansib, l'ap fè anpil anpil byen, li
pa nan de fas ni nan ipokrit. 18 Moun k'ap chache pou
lèzòm viv byen yonn ak lòt, y'ap travay ak kè poze pou yo
ka rekòlte yon lavi ki dwat devan Bondye.

4 Ki jan fè gen goumen ak kont nan mitan nou konsa?
Kote sa soti? Sa soti nan move lanvi k'ap goumen
nan kò nou. 2 Nou anvi yon bann bagay. Men, nou pa
ka jwenn yo. Lè konsa, nou pare pou nou touye moun.
Nou anvi sa ki pa pou nou. Men, nou pa ka jwenn yo. Lè
konsa, se fè kont, se goumen. Si nou pa jwenn sa nou
bezwen an, se paske nou pa mande Bondye. 3 Menm lè
nou mande, nou pa resevwa anyen, paske nou mande
mal. Nou mande bagay ki pou satisfè pwòp dezi pa nou
sèlman. 4 Ala moun pa gen konfyans nan Bondye! Eske
nou pa konnen lè nou zanmi lemonn, se lènmi Bondye
nou ye! Moun ki vle zanmi lemonn, li vin lènmi Bondye. 5
Pa konprann se pou anyen yo ekri pawòl sa a nan Liv la:
Bondye sitèlman renmen lespri li mete nan nou an, li fè
jalouzi pou li. 6 Men, li fè nou yon pi gwo favè ankò, jan
sa ekri nan Liv la: Bondye pran pozisyon kont moun ki
gen lògèy yo. Men, moun ki soumèt devan l', li ba yo favè
li. 7 Se poutèt sa, desann nou devan Bondye. Men, pran
pozisyon kont Satan, la kouri kite nou. 8 Pwoche bò kot
Bondye, Bondye va pwoche bò kote nou tou. Nou menm
k'ap fè peche, lave men nou. Netwaye kè nou, nou menm
k'ap woule de bò. 9 Se pou nou gen lapenn nan kè nou,
kriye, plenn sò nou. Pase pou nou ri, pito nou kriye. Pase
pou nou kontan, pito nou nan lapenn. 10 Desann nou
devan Bondye, Bondye va leve nou. 11 Frè m' yo, piga
nou yonn pale lòt mal. Moun ki pale yon frè mal, osinon ki
jije frè li, se lalwa li pale mal, se lalwa li jije. Si w'ap jije
lalwa, ou pa yon moun k'ap obsève lalwa, men ou pran
pòz jij ou sou li. 12 Se Bondye ki fè lalwa. Se li menm tou
ki sèl jij. Li gen pouvwa sove moun, li gen pouvwa kite yo
pèdi. Men, ou menm k'ap jije frè parèy ou, ki moun ou
konprann ou ye? 13 Koulye a, se ak nou m'ap pale, nou
menm k'ap di: jòdi a osinon denmen, n'a pral nan tèl lavil.
Rive la, n'a pase yon lanne, n'a fè kòmès ak anpil benefis.
14 Nou pa menm konnen sa lavi nou va ye denmen. Lavi
nou tankou yon nwaj. Li parèt pou yon ti tan. Apre sa, li
disparèt. 15 Okontrè, men sa pou nou te di: Si Bondye
vle, n'a wè denmen, n'a fè sa osinon sa. 16 Men, koulye a
nan grandizè nou, se vante n'ap vante tèt nou. Se yon
move bagay pou moun vante tèt yo konsa. 17 Se poutèt
sa, moun ki pa fè byen li konnen li gen pou l' fè a, li fè
peche.

5 Koulye a, nou menm moun rich yo, se pou nou m'ap
pale: Nou mèt konmanse kriye, konmanse pouse rèl
pou malè ki pral tonbe sou nou yo. 2 Richès nou yo fin
pouri. Vèmin fin manje rad nou yo. 3 Lò nou ak lajan nou
yo fin wouye. Lawouj la pral kanpe pou kondannen nou, li

va devore vyann nou tankou dife. Nou te ranmase kont
lajan nou nan dènye tan sa a. **4** Gade! Nou pa t' peye
lajan nou te dwe peye travayè yo ki t'ap travay pou nou
nan jaden. Tande jan y'ap rele! Travayè ki te ranmase
rekòt pou nou yo ap plede rele! Rèl yo rive jouk nan zòrèy
Bondye, Mèt ki gen tout pouvwa a. **5** Nou viv sou latè nan
plezi ak nan jwisans. Nou manje jouk nou gra tankou bèt
ki pare pou labatwa. **6** Nou kondannen moun ki inonsan,
nou fè touye yo. Yo menm, yo pa fè fòs ak nou. **7** Se
poutèt sa, frè m' yo, annou pran pasyans jouk jou Seyè a
va vini. Gade jan kiltivatè a gen pasyans. Li gen pou l' rete
tann anvan pou tè a ba li yon bèl rekòt. Li pran pasyans, li
rete tann lapli premye sezon an jouk lapli dènye sezon an.
8 Nou menm tou, pran pasyans. Bay kè nou kouraj, paske
Mèt la pa lontan vini. **9** Frè m' yo, pa plenyen yonn sou do
lòt pou nou pa tonbe anba jijman Bondye. Men jij la la nan
papòt la. **10** Frè m' yo, chonje pwofèt yo ki te pale nan non
Mèt la. Pran egzanp sou yo, pou jan yo te gen pasyans lè
yo t'ap soufri. **11** Paske yo te soufri ak pasyans, nou di
yo se moun Bondye beni. Nou tande ki jan Jòb te gen
pasyans, nou wè bout pou bout sa Bondye te fè pou li,
paske Bondye gen bon kè, li gen kè sansib. **12** Anvan
tout lòt bagay, frè m' yo, men sa ki pi enpòtan: piga nou fè
sèman sou syèl la, ni sou latè a, ni sou ankenn lòt bagay.
Lè nou di wi, se wi, non, se non. Konsa, nou p'ap tonbe
anba jijman Bondye. **13** Si yon moun nan nou ap soufri,
se pou li lapriyè. Si yon moun nan nou gen kè kontan, se
pou l' chante kantik. **14** Si yon moun nan nou malad, se
pou l' rele chèf reskonsab yo nan legliz la. Y'a lapriyè
pou li, y'a pase lwil sou li nan non Seyè a. **15** Lè lapriyè
a fèt ak konfyans, li va delivre malad la. Seyè a va fè l'
leve gaya. Si li te fè kèk peche, Bondye va padonnen
li. **16** Se pou nou konfese peche nou yo yonn bay lòt.
Se pou yonn lapriyè pou lòt, pou nou kapab geri. Lè yon
moun ap viv dwat devan Bondye, lapriyè moun sa a gen
anpil pouvwa. **17** Pwofèt Eli te yon moun menm jan ak
nou. Li te lapriyè rèd pou lapli pa t' tonbe. Konsa vre, lapli
pa tonbe pandan twazan sis mwa. **18** Apre sa, li lapriyè
ankò. Lè sa a, syèl la louvri, lapli tonbe, latè bay bèl rekòt.
19 Frè m' yo, si yonn nan nou pèdi chemen laverite a, epi
yon lòt frè mennen l' tounen ankò, **20** konnen sa byen:
lè yon moun pèdi chemen l' poutèt peche li yo, si yon
lòt mennen l' tounen, se yon nanm li rache anba lanmò.
Anmenmtan, li jwenn padon pou anpil peche.

1 Piè

1 Se mwen menm, Pyè, apòt Jezikri, k'ap ekri lèt sa
a pou nou tout ki fè pati pèp Bondye te chwazi a
men k'ap viv tankou etranje, gaye nan peyi Pon, Galasi,
Kapadòs, Lazi ak Bitini. **2** Se Bondye Papa a ki te chwazi
nou dapre plan li te fè davans lan. Gremesi Sentespri li a,
li mete nou apa pou li pou n' obeyi Jezikri, pou san Jezikri
ki koule pou nou an ka mete nou nan kondisyon pou
sèvi Bondye. M'ap mande Bondye pou nou resevwa anpil
benediksyon ak kè poze. **3** Ann fè lwanj Bondye, Papa
Jezikri, Seyè nou an. Paske, nan kè sansib li, li ban nou
lavi ankò lè li te fè Jezikri leve soti vivan nan lanmò a. Sa
fè nou viv ak anpil espwa. **4** N'ap tann lè pou n' resevwa
eritaj Bondye a, eritaj ki p'ap janm pouri, ki p'ap janm sal,
ni ki p'ap janm pèdi frechè l', eritaj li sere pou nou nan syèl
la. **5** Paske nou menm nou gen konfyans nan li, Bondye
ap pwoteje nou ak pouvwa li jouk la delivre nou jan sa pral
parèt aklè nan dènye tan an. **6** Sa fè nou kontan anpil,
menm si koulye a nou blije gen lapenn anpil pou yon ti
tan, avèk tout kalite eprèv n'ap sibi yo. **7** Paske, konfyans
nou se tankou lò li ye. Yo blije pase lò a, ki yon bagay
perisab, nan dife pou wè si l' bon. Konsa tou, konfyans
nou ki gen plis valè pase lò a gen pou pase anba eprèv
tou, pou nou ka resevwa lwanj, onè ak respè lè Jezikri
va parèt. **8** Nou renmen l', atout nou pa te wè l'; nou
gen konfyans nan li, atout nou pa wè l' koulye a. Konsa,
nou kontan ak yon kontantman nou pa ka esplike men ki
merite lwanj, **9** paske nou jwenn sa nou t'ap chache lè
nou te kwè a: delivrans pou nanm nou. **10** Pwofèt yo te
chache anpil, yo te fouye anpil pou yo te ka konnen ki jan
Bondye t'ap delivre nou. Yo te di davans ki kalite favè
Bondye tapral fè nou. **11** Lespri Kris la ki te nan yo te fè
yo konnen davans tou sa Kris la tapral soufri, ansanm ak
lwanj ki t'ap tann li apre sa. Men, yo t'ap chache konnen
tou kilè ak nan ki sikonstans sa tapral rive. **12** Se konsa,
Bondye fè yo konnen sèvis yo t'ap fè lè yo te bay mesaj la,
se pa t' pou yo, men pou nou. Gremesi moun k'ap anonse
nou bon nouvèl la, avèk pouvwa Sentespri ki soti nan syèl
la, nou konnen bagay sa yo koulye a, bagay ata zanj yo
ta renmen konprann. **13** Se poutèt sa, konnen byen sa
nou pral fè. Mete tèt nou an plas. Mete tout espwa nou
nan benediksyon nou pral resevwa lè Jezikri va parèt.
14 Tankou timoun obeyisan, pa kite move lanvi nou te
genyen nan tan lontan yo mennen lavi nou ankò, tankou
anvan lè nou pa t' konn Bondye. **15** Okontrè, nan tou sa
n'ap fè, se pou nou bon nèt, tankou Bondye ki rele nou an
bon nèt tou. **16** Paske, men sa ki ekri nan Liv la: Se pou
nou bon nèt, paske mwen menm, mwen bon nèt. **17** Si lè
n'ap lapriyè nou rele Bondye: Papa, li menm ki p'ap gade
sou figi moun men k'ap jije tout moun menm jan dapre sa
yo fè, se pou nou viv ak krentif pou Bondye pandan ti tan
ki rete pou nou pase sou tè a. **18** Bondye wete nou nan
lavi san sans nou te resevwa nan men zansèt nou yo.
Nou konnen sa li te peye pou sa. Se pa t' avèk bagay ki
ka pèdi valè yo tankou lajan ak lò. **19** Men, se avèk gwo
ofrann san Kris la ki te koule lè li te ofri tèt li tankou yon ti
mouton san defo ni ankenn enfimite. **20** Bondye te chwazi
l' pou sa depi anvan li te kreye tout bagay. Men, se nan
dènye tan sa yo li vin parèt pou byen nou. **21** Gremesi
Kris la, nou gen konfyans nan Bondye ki te fè l' leve soti
vivan nan lanmò, nan Bondye ki te ba l' lwanj. Konsa, nou
mete tout konfyans nou ak tout espwa nou nan Bondye.
22 Koulye a, lè n'ap obeyi verite a, nou nan kondisyon pou
nou fè sèvis Bondye, pou nou sa gen yon renmen sensè
pou frè yo. Se sak fè, se pou nou yonn renmen lòt ak tout
kè nou, ak tout fòs nou. **23** Gremesi pawòl Bondye a ki
yon pawòl vivan epi ki la pou tout tan, nou resevwa yon
lòt lavi. Fwa sa a, nou pa soti nan yon jèm ki ka mouri,
men nan yon jèm ki pa ka mouri. **(aiōn g165)** **24** Jan sa
ekri nan Liv la: Moun, se tankou zèb yo ye. Tout bèl ou wè
yo bèl la, se tankou flè zèb la yo ye. Zèb la chèch, flè a
tonbe. **25** Men, pawòl Bondye a la pou tout tan. Se pawòl
sa a bon nouvèl la te pote ban nou. **(aiōn g165)**

2 Se poutèt sa, derasinen tout mechanste ki te nan lavi
nou. Sispann bay manti, sispann fè ipokrizi, sispann fè
jalouzi ak tripotaj. **2** Tankou timoun ki fenk fèt, se pou nou
kriye dèyè bon lèt san dekoupe ki soti nan Bondye, pou
nou kapab grandi, pou nou kapab fin delivre nèt. **3** Paske,
nou deja goute Mèt la, nou wè jan li bon. **4** Pwoche vin
jwenn Seyè a, li menm ki wòch vivan an. Moun te voye li
jete paske pou yo li te san valè. Men, li gen anpil valè pou
Bondye ki te chwazi li. **5** Nou menm tou, tankou wòch
vivan, kite Bondye sèvi ak nou pou bati kay li a ak pouvwa
Sentespri, pou nou ka sèvi l' tankou prèt k'ap viv pou li.
Konsa, gremesi Jezikri, n'a ofri bay Bondye ofrann ki soti
nan kè nou, ofrann ki pou fè l' plezi. **6** Se poutèt sa nou
jwenn sa ekri nan Liv la: Men li, mwen mete yon wòch
nan mitan peyi Siyon, yon wòch kwen mwen menm mwen
chwazi epi ki gen anpil valè. Moun ki mete konfyans yo
nan li p'ap janm soti wont. **7** Pou nou menm ki mete
konfyans nou nan wòch la, wòch la gen anpil valè. Men,
pou moun ki pa mete konfyans yo nan li, sa ki ekri nan Liv
la pral rive vre: Wòch moun ki t'ap bati yo te voye jete a,
se li menm ki tounen wòch ki kenbe kay la. **8** Se yon
wòch k'ap fè moun bite, yon gwo wòch k'ap fè yo tonbe.
Yo bite, paske yo pa koute pawòl la. Enben, se sa ki te
sere pou yo. **9** Men nou menm, nou se yon ras Bondye
chwazi, yon bann prèt k'ap sèvi Wa a, yon nasyon k'ap viv
apa pou Bondye, yon pèp li achte. Li fè tou sa pou n' te ka
fè tout moun konnen bèl bagay Bondye te fè yo, Bondye
ki rele nou soti nan fènwa a pou nou antre nan bèl limyè li
a. **10** Anvan sa, nou pa t' menm yon nasyon. Men koulye
a, nou se pèp Bondye a. Anvan sa, Bondye pa t' gen pitye
pou nou. Koulye a, li gen pitye pou nou. **11** Zanmi m'
yo, men sa m'ap mande nou. M'ap pale ak nou koulye a
tankou ak moun ki etranje, ki depasaj sou latè: Se pou
nou kenbe tèt ak tout egzijans lachè a k'ap goumen kont
nanm nou. **12** Se pou nou gen yon bon kondit nan mitan

moun sa yo ki pa konn Bondye. Konsa, lè y'ap pale nou
mal, lè y'ap di se yon bann malfektè nou ye, y'a gen pou
yo rekonèt tout byen n'ap fè a, y'a fè lwanj Bondye lè la
vin jije yo. 13 Soumèt devan tout otorite lèzòm etabli. Fè
sa pou Bondye. Soumèt devan wa a, paske se li ki pi gwo
chèf. 14 Soumèt devan majistra yo, paske wa a voye yo
pou peni tout moun k'ap fè mal, pou fè lwanj tout moun
k'ap fè byen. 15 Paske, Bondye vle pou n' fè sa ki byen,
pou n' ka fèmen bouch moun sa yo ki pa konn anyen, ki
san konprann. 16 Se pou nou viv tankou moun ki gen
tout libète yo. Men, nou pa dwe pran libète sa a sèvi yon
kouvèti pou nou fè sa ki mal. Se pou nou viv tankou moun
k'ap sèvi Bondye. 17 Se pou nou bay chak moun respè li
merite. renmen tout frè nou yo, gen krentif pou Bondye,
respekte wa a. 18 Nou menm domestik yo, nou fèt pou
soumèt devan mèt nou yo avèk tout respè yo merite. Pa
sèlman devan mèt ki bon yo, mèt ki gen bon kè yo, men
devan mèt ki gen karaktè difisil yo tou. 19 Bondye va beni
nou, si, lè y'ap fè nou soufri pou sa nou pa fè, nou sipòte
lafliksyon an paske nou konnen se sa Bondye vle. 20 Ki
lwanj ki gen nan sa si nou sipòte lè y'ap maltrete nou pou
sa nou fè ki mal? Men, si lè nou fè byen, nou sipòte tou
sa y'ap fè nou soufri poutèt byen nou fè a, sa se yon bèl
bagay devan Bondye. 21 Se pou sa menm Bondye te rele
nou, paske Kris la te soufri pou nou. Li kite yon egzanp
pou nou swiv pye pou pye. 22 Li pa t' janm fè ankenn
peche. Ankenn manti pa t' janm soti nan bouch li. 23 Lè
yo t'ap joure l', li pa t' reponn. Lè yo t'ap maltrete l', li pa t'
mennase pesonn. Men, li renmèt kòz li nan men Bondye
k'ap jije tout bagay san patipri. 24 Kris la te pote peche
nou yo nan kò li sou bwa a, pou nou te kapab mouri
annegad peche, pou nou te ka viv dwat devan Bondye. Li
te kite yo maltrete l' pou l' te ka geri nou. 25 Nou te tankou
mouton ki te pèdi bann yo. Men, koulye a, nou tounen vin
jwenn Kris la ki gadò nou, k'ap veye sou nanm nou.

3 Menm jan an tou, nou menm medam, soumèt devan
mari nou. Konsa, si gen nan mari nou yo ki pa kwè
nan Bondye, kondit nou kont pou fè yo kwè, san n' pa
janm bezwen louvri bouch nou, 2 paske y'a wè jan nou viv
byen, jan nou respekte yo. 3 Nou pa bezwen fè kò nou
bèl ak bagay moun ka wè, tankou lè n'ap fè anpil kwafi
estraòdenè, lè n'ap mete kantite bijou an lò ak kantite
rad ki koute chè sou nou. 4 Okontrè, se sa ki nan kè
nou ki tout bèlte nou, yon bèlte ki p'ap janm pase. Se
pou nou gen yon karaktè dou, yon karaktè poze. Se sa
ki gen valè devan Bondye. 5 Nan tan lontan, se konsa
medam ki t'ap viv pou Bondye yo te fè tèt yo bèl: yo te
mete espwa yo nan Bondye, yo te soumèt devan mari
yo. 6 Se konsa Sara te ye. Li te soumèt devan Abraram
jouk pou li te rele l' mèt. Nou menm tou, medam, nou se
pitit Sara, si nou fè sa ki byen san nou pa pè anyen. 7
Menm jan an tou, nou menm mari, nan tout bagay se
pou nou viv byen ak madanm nou paske yo pi fèb pase
nou. Ba yo tout respè yo merite, paske yo menm tou
y'a resevwa menm lavi avèk nou tankou yon favè nan
men Bondye. Konsa, anyen p'ap antrave lapriyè nou.
8 Pou fini, nou tout nou dwe dakò yonn ak lòt, se pou
nou gen menm santiman yonn pou lòt. Se pou nou yonn
renmen lòt tankou frè ak sè, se pou nou gen bon kè, san
lògèy. 9 Pa rann moun mal pou mal, jouman pou jouman.
Okontrè, lè konsa, mande benediksyon pou yo, paske se
benediksyon Bondye te pwomèt pou l' ban nou lè li te rele
nou an. 10 Paske: Si yon moun vle jwi lavi a, si l' anvi
pase kèk bon kadè sou latè, se pou l' kenbe lang li pou l'
pa pale moun mal. Se pou l' veye bouch li pou l' pa bay
manti. 11 Se pou l' sispann fè sa ki mal, se pou l' fè sa ki
byen. Se pou l' chache viv byen ak moun. Se pou l' fè sa
li kapab pou li viv byen ak tout moun. 12 Paske, Bondye
veye sou moun k'ap mache dwat devan li. Li tande yo lè
y'ap lapriyè nan pye l'. Men, l'ap vire do bay moun k'ap fè
sa ki mal. 13 Ki moun ki ka fè nou mal si se byen ase
nou vle fè? 14 Men, si nou rive soufri poutèt byen nou fè,
konsidere sa tankou yon benediksyon. Nou pa bezwen pè
moun, nou pa bezwen toumante tèt nou pou anyen. 15
Sèl bagay, se pou nou rekònèt se Kris la ki Seyè a nan kè
nou. Se pou n' toujou pare pou n' defann tèt nou chak
fwa yon moun mande nou esplikasyon sou espwa nou
gen nan kè nou an. 16 Men, fè sa avèk dousè ak tout
respè. Kenbe konsyans nou pwòp. Konsa, moun k'ap pale
nou mal poutèt bon kondit nou gen nan Kris la, se yo
menm ki va wont pou pawòl yo te di lè yo t'ap joure nou
an. 17 Se volonte Bondye pou nou fè sa ki byen. Menm
si nou gen pou n' soufri, li pa vle nou fè sa ki mal. 18
Paske, Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou
yo, li p'ap janm mouri ankò. Li menm ki t'ap mache dwat
devan Bondye, li mouri pou moun ki pa t'ap mache dwat
yo, pou l' te ka mennen nou bay Bondye. Li te mouri nan
kò l', men ak pouvwa Lespri Bondye a, li leve vivan ankò.
19 Ak pouvwa menm Lespri a, li te al preche nanm ki nan
prizon yo. 20 Se nanm moun ki nan tan lontan te derefize
kwè nan Bondye. Se te sou tan Noe. Lè sa a, Bondye t'ap
tann ak pasyans pandan Noe t'ap fè gwo batiman an. Nan
batiman sa a, se kèk moun sèlman, wit moun antou, ki te
sove nan dlo a. 21 Pou nou menm, dlo sa a kanpe pou
dlo batèm lan k'ap delivre nou koulye a. Batèm lan, se
pa yon bagay k'ap wete kras sou kò nou. Men, se yon
angajman nou pran devan Bondye ak yon konsyans san
repwòch. Bondye sove nou gremesi Jezikri ki te leve soti
vivan nan lanmò, 22 ki moute nan syèl la, ki chita sou bò
dwat Bondye kote l'ap domennen sou tout zanj yo, sou
tout chèf yo ak sou tout otorite yo.

4 Se poutèt sa, menm jan Kris la te soufri nan kò li, nou
menm tou se pou nou pare pou n' soufri menm jan an
tou. Paske, lè yon moun soufri nan kò li, li pa gen anyen
pou l' wè ak peche ankò. 2 Se pou li viv ti rès tan li gen
pou l' viv sou tè a dapre egzijans volonte Bondye, pa
dapre egzijans lachè. 3 Paske, nan tan lontan, nou te
gen kont tan nou pou n' te fè tou sa moun ki pa konnen
Bondye yo ap fè. Lè sa a, nou t'ap viv nan libètinaj, nan
lanvi, nan bwè tafya, nan debòch, nan banbòch, nan sèvi

zidòl, bagay lalwa defann nou fè. 4 Koulye a, moun sa yo
twouve sa dwòl dèske nou pa fè bann ak yo ankò nan
tout eksè sa yo. Se poutèt sa, y'ap pale nou mal. 5 Men,
yo gen pou yo rann kont bay Bondye ki deja pare pou jije
ni moun ki vivan yo ni moun ki mouri yo. 6 Se pou sa
menm yo te anonse bon nouvèl la bay moun ki mouri yo.
Konsa, si lè yo te sou latè yo te tonbe anba jijman Bondye
tankou tout moun, koulye a yo ka viv nan pouvwa Lespri
Bondye a, jan Bondye vle l' la. 7 Tout bagay prèt pou fini.
Se pou nou kenbe tèt nou anplas, veye kò nou pou n' ka
lapriyè. 8 Anvan tout bagay, se pou nou yonn renmen
lòt anpil. Paske, lè nou renmen, sa fè Bondye padonnen
anpil peche. 9 Se pou nou yonn resevwa lòt lakay nou
san plenyen. 10 Chak moun dwe pran kado Bondye ba yo
a pou yo rann lòt yo sèvis. Konsa, tankou bon jeran, n'a
pran kado Bondye yo, ki divès kalite, n'a fè yo travay. 11
Si yon moun ap pale, se pou l' pale tankou si se te pawòl
Bondye li t'ap di. Si yon moun ap rann sèvis, se pou li
fè l' ak fòs Bondye ba li. Konsa, nan tout bagay lwanj
lan va pou Bondye, gremesi Jezikri. Se pou Jezikri tout
lwanj ak tout pouvwa pou tout tan. Amèn. (aiōn g165) 12
Frè m' yo, nou pa bezwen sezi devan gwo eprèv sa yo
k'ap tonbe sou nou tankou yon gwo dife. Nou pa bezwen
konprann sa se yon bagay estwòdenè k'ap rive nou la a.
13 Okontrè, fè kè n' kontan. Paske, menm jan nou patisipe
nan soufrans Kris yo, konsa tou n'a kontan nèt ale lè
gwo pouvwa Kris la va parèt. 14 Si yo joure nou paske
n'ap swiv Kris la, konsidere sa tankou yon benediksyon.
Paske, Lespri ki gen gwo pouvwa a, Lespri Bondye a nan
nou. 15 Mwen swete pou pesonn nan nou pa gen pou li
soufri paske li te touye moun, osinon paske li te fè sa
ki mal, osinon paske li te foure bouch li nan zafè ki pa
gade li. 16 Men, si yon moun ap soufri paske se kretyen li
ye, li pa bezwen wont pou sa. Okontrè, se pou li fè lwanj
Bondye dèske li pote non Kris la. 17 Paske, dat la rive
pou jijman Bondye a konmanse. L'ap konmanse ak moun
ki nan kay Bondye a anvan. Si li konmanse ak nou, nou
pa bezwen mande sak pral rive moun sa yo ki pa koute
bon nouvèl Bondye a. 18 Tankou sa ekri nan Liv la: Si
moun k'ap viv dwat devan Bondye yo pa fasil pou sove,
nou pa bezwen mande sa k'ap rive moun ki pa kwè nan
Bondye yo, moun k'ap viv nan peche yo. 19 Se poutèt sa,
moun k'ap soufri paske se sa Bondye vle pou yo a, se
pou yo pa sispann fè sa ki byen, se pou yo renmèt nanm
yo nan men Bondye ki kreye yo, epi ki p'ap lage yo.

5 Mwen menm ki yon chèf reskonsab, m'ap pale koulye
a ak chèf reskonsab ki nan mitan nou yo. Mwen menm
ki te wè jan Kris la te soufri a, mwen pral patisipe tou
nan bèl pouvwa Bondye ki gen pou parèt la. 2 Men sa
m'ap di nou: Tankou gadò, se pou nou swen bann mouton
Bondye ki sou kont nou an. Pa fè sa tankou si se fòse
y'ap fòse nou. Men, fè l' paske nou vle fè sa Bondye vle.
Pa fè travay la tankou si se dèyè lajan nou ye. Men, fè l'
ak tout kè nou. 3 Pa fè menm jan ak chèf k'ap maltrete
moun ki sou kont yo. Okontrè, se pou nou tounen yon
egzanp pou mouton yo. 4 Konsa, lè gran gadò a va parèt,
n'a resevwa yon kouwòn ki p'ap janm fennen: n'a resevwa
lwanj Bondye. 5 Menm jan an tou, nou menm jennjan yo,
se pou nou soumèt devan chèf reskonsab yo. Nan tout
rapò nou yonn ak lòt, se pou nou soumèt devan Bondye.
Paske Bondye pran pozisyon kont moun ki gen lògèy.
Men, moun ki soumèt devan l', li ba yo favè li. 6 Se poutèt
sa, soumèt nou devan Bondye ki gen pouvwa, konsa
la leve nou lè pou l' leve nou an. 7 Lage tout tèt chaje
nou yo ba li, paske l'ap pran swen nou. 8 Kenbe tèt nou
anplas, rete sou prigad nou. Paske dyab la, lènmi nou an,
ap veye nou tankou yon lyon ki move, k'ap chache moun
pou l' devore. 9 Kanpe fèm nan konfyans nou, kenbe tèt
avè l', paske nou konnen lòt frè nou yo ki nan lemonn ap
soufri menm soufrans ak nou. 10 Men, apre n'a fin soufri
yon ti tan, Bondye li menm va rann nou bon nèt, la kenbe
nou fèm, la ban nou fòs, l'ap fè nou kanpe san brannen.
Paske Bondye bay tout kalite favè. Se li menm ki te rele
nou, gremesi Kris la, pou n' te patisipe nan pouvwa li ki
p'ap janm fini. (aiōnios g166) 11 Se pou li tout pouvwa a,
depi tout tan ak pou tout tan. Amèn. (aiōn g165) 12 Se
avèk konkou frè Silven, yon nonm serye dapre sa mwen
konnen, m'ap ekri nou lèt sa a, pou m' ka ankouraje nou,
pou m' fè nou konnen jan favè Bondye pou nou an se yon
bagay ki vre. Kenbe fèm nan li. 13 Legliz Bondye chwazi
nan lavil Babilòn lan voye bonjou pou nou, ansanm ak
Mak, pitit mwen an. 14 Bò pa nou, yonn di lòt bonjou pou
mwen, yonn bo lòt tankou frè ak frè. Mwen mande pou
nou tout k'ap viv ansanm nan Kris la, pou nou gen kè
poze.

2 Piè

1 Mwen menm, Simon Pyè, sèvitè ak apòt Jezikri, m'ap
ekri lèt sa a pou nou menm ki resevwa yon konfyans
ki gen menm valè ak pa m' lan, gremesi Jezikri, Bondye
nou ak Sovè nou ki fè nou gras. **2** M'ap mande Bondye
pou nou resevwa anpil benediksyon ak kè poze, gremesi
konesans Bondye ak Jezikri, Seyè nou an, nou genyen. **3**
Pouvwa Bondye a ban nou tou sa nou bezwen pou nou
ka viv, pou nou ka sèvi li. Li fè nou konnen moun ki te rele
nou an, lè li te fè nou wè pouvwa li ak bèl bagay li yo. **4**
Se konsa, Bondye ban nou pwomès li yo ki gwo anpil, ki
gen anpil valè, pou nou kapab patisipe nan sa Bondye ye
a, pou nou kapab chape anba koripsyon ki nan lemonn,
akòz move lanvi ki nan kè moun. **5** Se poutèt sa, nou dwe
fè tou sa nou kapab pou nou pa rete ak konfyans nou gen
nan Bondye a sèlman. Men, apa konfyans lan se pou
nou gen bon kondit. Apa bon kondit la, se pou nou gen
konesans. **6** Apa konesans la, se pou nou konn kontwole
tèt nou. Apa konn kontwole tèt nou an, se pou nou gen
pasyans. Apa pasyans la, se pou nou sèvi Bondye. **7** Apa
sèvi Bondye a, se pou nou gen renmen pou frè yo. Apa
renmen nou gen pou frè nou an, se pou nou gen renmen
pou tout moun. **8** Si nou gen tout bagay sa yo nan nou, si
nou devlope yo nan nou, nou p'ap rete bra kwaze. Se
p'ap pou gremesi nou konnen ki moun Jezikri, Seyè nou
an, ye. **9** Men, moun ki pa gen bagay sa yo nan yo, y'ap
tankou yon avèg ki pa wè lwen, yo bliye jan Bondye te
netwaye yo anba vye peche yo. **10** Se poutèt sa, frè m'
yo, se pou nou fè jefò plis toujou pou nou rete fèm nan
pozisyon kote Bondye mete nou an, li menm ki rele nou, ki
chwazi nou. Si nou fè sa, nou p'ap janm tonbe. **11** Konsa,
la ban nou dwa antre lib nan peyi kote Jezikri, Seyè nou
ak Sovè nou an, ap gouvènen tankou wa pou tout tan an.
(aiōnios g166) **12** Se poutèt sa, nou te mèt konnen bagay
sa yo deja, nou te mèt kanpe fèm nan verite nou resevwa
a, mwen p'ap janm manke fè nou chonje bagay sa yo. **13**
Wi, toutotan mwen poko mouri, mwen kwè se yon devwa
pou m' fè nou chonje bagay sa yo pou dòmi pa pran nou.
14 Paske, mwen konnen mwen pa lwen mouri. Se Seyè
a menm ki fè m' konn sa. **15** Men, m'ap fè tout posib
mwen pou nou pa janm bliye bagay sa yo lè m' fin ale.
16 Paske, lè m' t'ap fè nou konnen jan Jezikri, Seyè nou
an, te vini avèk pouvwa li, se pa t' istwa moun envante
nan tèt yo mwen t'ap rakonte nou. Men, se paske mwen
menm, mwen te wè Seyè a nan tout pouvwa li ak je pa
mwen. **17** Mwen te la lè Bondye Papa a te ba li respè ak
lwanj, lè nan mitan tout pouvwa a, vwa Bondye te pale, li
di konsa: Ou se pitit mwen renmen anpil la, ou fè kè m'
kontan anpil. **18** Nou te tande vwa ki te soti nan syèl la, lè
nou te la ansanm avè l' sou mòn kote Bondye te pale ak
nou an. **19** Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo
pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè
nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon, tankou yon
lanp k'ap klere nan fènwa a jouk jou a va pwente, jouk
zetwal ki klere chak maten an va leve nan kè nou. **20**
Men, anvan tout bagay, se pou nou konn sa byen: pesonn
pa gen dwa pran mesaj pwofèt ki ekri nan Liv la pou li ba
li sans li vle. **21** Paske, pwofèt yo pa t' janm bay mesaj
paske yo menm yo te vle. Okontrè, se Sentespri ki te
pouse yo lè yo t'ap bay mesaj ki soti nan Bondye.

2 Malgre sa, te gen kèk fo pwofèt nan mitan pèp Bondye
a nan tan lontan. Konsa tou, va gen kèk direktè nan
mitan nou k'ap bay manti. Yo pral vin ak yon bann bèl
pawòl ki pa vre pou yo seye pèdi nou. Y'ap vire do bay
Mèt la ki te delivre yo. Y'ap rale yon chatiman sou tèt yo
k'ap detwi yo lapoula. **2** Anpil moun pral swiv yo nan sa
y'ap fè ki mal yo. Konsa, y'ap lakòz moun pale chemen
laverite a mal. **3** Nan kouri dèyè lajan, yo pral esplwate
nou ak yon bann manti. Men, depi lontan moun sa yo deja
jije, nanpwen chape pou yo. **4** Bondye pa t' fè pa zanj ki
te fè peche yo. Li te voye yo jete nan lanfè, li lage yo nan
gwo twou kote ki fènwa anpil la, l'ap kenbe yo la pou yo
tann jou jijman an. **(Tartaroō g5020)** **5** Bondye pa t' fè pa
moun nan tan lontan yo. Men, li te delivre Noe, yon nonm
ki te mache dwat devan li, ansanm ak sèt lòt moun lè
li te voye gwo inondasyon an sou mechan yo. **6** Li te
kondannen lavil Sodòm ak lavil Gomò pou yo te disparèt,
li fè yo tounen sann, pou sa te sèvi yon egzanp pou tout
mechan ki gen pou vini apre yo. **7** Men, li te delivre Lòt,
yon nonm dwat ki te pran lapenn lè l' te wè move bagay
mechan yo t'ap fè. **8** Paske, nonm dwat sa a ki t'ap viv
nan mitan yo a, lè li te wè, lè li te tande tout bagay mal
moun sa yo t'ap fè, se chak jou li santi kè l' t'ap fann,
paske li t'ap viv dwat devan Bondye. **9** Konsa, Bondye
konnen ki jan pou l' delivre moun k'ap sèvi l' yo nan mitan
eprèv. Men, li kite mechan yo pou l' ka peni yo jou jijman
an, **10** sitou moun k'ap viv pou lachè ak tout egzijans
li yo, moun k'ap meprize otorite Bondye a. Moun sa yo
gen je chèch konsa, yo awogan. Yo pa menm pè pale
pouvwa yo ki nan syèl la mal. **11** Menm zanj yo ki gen
plis fòs ak plis pouvwa pase moun sa yo pa pote move
akizasyon kont pouvwa ki nan syèl yo devan Bondye. **12**
Mesye sa yo menm, yo tankou bèt ki san konprann, k'ap
viv dapre ensten yo epi ki la sou latè pou moun kenbe
touye. Yo pale mal sou bagay yo pa konnen, yo gen pou
yo peri menm jan ak bèt. **13** Yo gen pou yo soufri pou
tou sa yo te fè moun soufri. Yo pran plezi fè deboòch gwo
lajounen. Se yon wont, se yon eskandal lè moun sa yo
k'ap pran plezi yo nan fè sa ki mal chita sou menm tab ak
nou lè n'ap fè fèt. **14** Je yo kale sou tout fanm. Se tout
tan y'ap fè peche. Yo pran tèt moun ki fèb yo nan pèlen.
Nanpwen moun renmen lajan tankou yo. Se moun ki anba
madichon. **15** Yo kite chemen ki dwat la, yo pèdi wout
yo nèt. Yo pran swiv chemen Balaram, pitit Bozò a, ki
te fè sa ki mal poutèt lajan. **16** Men, yo te kouri dèyè l'
pou mechanste li a: yon bourik ki pa menm gen lapawòl
te pale avè l' tankou yon moun. Se sa ki te fè pwofèt la
sispann aji tankou moun fou. **17** Moun sa yo tankou sous
dlo ki cheche, tankou nway gwo van ap pote ale. Kote

ki fènwa anpil la ap pare tann yo tou. **18** Y'ap pale ak
awogans pawòl ki pa gen sans. Avèk lavi lib y'ap mennen
pou satisfè lachè a, y'ap pran tèt moun ki fèk ap chape
nan mitan moun k'ap viv nan manti yo. **19** Yo pwomèt y'ap
ba yo libète. Men, yo menm se esklav movèz vi a yo ye.
Paske, yon moun esklav tout bagay ki donminen sou li.
20 Moun ki rive konnen Jezikri tankou Seyè ak Sovè li, li
fin chape anba tout vye bagay mal ki nan lemonn. Si apre
sa, li tounen mele ladan yo ankò, si l' kite bagay sa yo
pran pye sou li ankò, l'ap pi mal pou li pase jan l' te ye
anvan an. **21** Sa ta pi bon pou li si l' pa t' janm konnen
chemen dwat la, pase pou, lè li fin konnen l' lan, li vire do
bay kòmandman li te resevwa nan men Bondye a. **22**
Sa ki rive yo a moutre sa pwovèb la di a se vre: Chen
an tounen vin manje sa li te vonmi an. Lave manman
kochon, li al woule nan labou ankò.

3 Frè m' yo, sa fè dezyèm lèt m'ap ekri nou. Nan tou de
lèt yo mwen te vle fè nou chonje tout bagay sa yo, pou
lespri moun ki dwat yo pa dòmi, pou n' te ka gen bon lide
nan tèt nou. **2** Se pou n' toujou chonje sa pwofèt Bondye
yo te di nou depi lontan. Toujou chonje kòmandman Seyè
ki delivrans nou an. Se kòmandman sa yo apòt yo te
moutre nou. **3** Anvan tout bagay se pou nou konprann sa
byen: lè dènye jou yo va rive, gen moun ki pou parèt ka
pral pase bagay Bondye yo anba rizib. Se moun k'ap viv
dapre tout vye lanvi yo genyen. **4** Y'a di: Kote pwomès li
te fè nou an? Li pa t' di li t'ap vini? Depi sou tan zansèt
nou yo ki mouri, tout bagay rete menm jan yo te ye a lè
latè te fèk kreye. **5** Men, moun sa yo, lè y'ap pale konsa,
yo fè espre bliye sa ki te rive nan tan lontan: Bondye te
pale epi li fè syèl la. Se li ki te fè tè a soti nan dlo a, se li
ki te fè dlo a fè tè a. **6** Se li ki te fè dlo a moute kouvri
latè nan tan lontan pou l' te detwi tout bagay. **7** Dapre
menm pawòl Bondye a, syèl la ak tè a ki la koulye a ap
tann dife a. Yo la ap tann jou jijman an, lè tout mechan
yo va disparèt. **8** Men nou menm, frè m' renmen anpil
yo, gen yon bagay nou pa dwe janm bliye: Pou Bondye,
yon jou se tankou mil (1.000) an, milan se tankou yon
jou. **9** Seyè a pa pran twòp reta pou kenbe pwomès li
yo, jan kèk moun kwè a. Okontrè, se pasyans l'ap pran
ak nou, paske li pa ta renmen pesonn peri, li ta vle pou
tout moun tounen vin jwenn li. **10** Men, jou Seyè a ap
vini sou nou tankou yon vòlò nan mitan lannwit. Lè sa a,
syèl la pral disparèt ak yon gwo gwo bri. Tout bagay pral
pran dife, y'ap fonn nèt. Latè ak dènye bagay ki ladan l'
va boule, y'ap tounen sann. **11** Si tout bagay gen pou
disparèt konsa, nou pa bezwen mande ki kalite moun
nou dwe ye: Se pou nou sèvi Bondye, se pou nou viv
pou li ase. **12** Konsa, pandan n'ap tann jou Bondye a,
jou ki gen pou rive a, ann fè sa nou kapab pou nou fè l'
rive pi vit toujou. Jou sa a, syèl la pral disparèt nan gwo
flanm dife. Tout bagay pral fonn nan dife. **13** Men nou
menm, n'ap tann lòt syèl ak lòt tè Bondye te pwomèt la,
kote se bagay ki dwat devan Bondye ase k'ap fèt. **14** Se
poutèt sa, frè m' yo, pandan n'ap tann bagay sa yo, ann
fè sa nou kapab pou Bondye ka jwenn nou ap viv ak kè
poze, san okenn fòt, ni okenn defo. **15** Konprann sa byen,
se pou nou ka sove kifè Seyè a ap pran tout pasyans
sa a ak nou. Se sa menm frè Pòl, bon zanmi nou an, te
ekri nou dapre bon konprann Bondye te ba li a. **16** Nan
tout lèt li yo, li pale nou sou bagay sa yo. Gen kèk pwen
ladan yo ki difisil pou konprann. Se konsa, moun iyoran
yo ak moun ki fèb nan konfyans Bondye yo ap tòde sans
pawòl yo, tankou yo fè l' pou lòt liv yo tou. Men, se sa
menm k'ap fin pèdi yo. **17** Se poutèt sa, frè mwen renmen
anpil yo, koulye a nou tou avèti. Pran prekosyon nou pou
nou pa kite mechan sa yo trennen nou ale ak manti yo,
pou nou pa pèdi pozisyon kote nou kanpe fèm lan. **18**
Okontrè, se pou nou grandi nan favè ak konesans Jezikri,
Seyè nou ak Sovè nou. Se pou li tout lwanj la, koulye a ak
pou tout tan. Amèn. **(aiōn g165)**

1 Jan

1 M'ap ekri nou sou pawòl ki bay lavi a, pawòl ki te la
depi nan konmansman tout bagay. Nou te tande l', nou
te wè l' ak pwòp je nou, nou te gade l' byen gade, nou te
manyen l' ak men nou. **2** Lè lavi a te parèt, nou te wè
li. Se poutèt sa mwen ka pale nou sou sa: m'ap fè nou
konnen lavi ki p'ap janm fini an, lavi ki te la avèk Papa a,
lavi ki te parèt aklè devan nou an. **(aiōnios g166)** **3** Sa
nou menm nou te wè a, sa nou te tande a, m'ap fè nou
konnen l' tou pou nou ka viv ansanm yonn ak lòt nan lavi
nou tout n'ap mennen ansanm ak Papa a ansanm ak Pitit
li a, Jezikri. **4** M'ap ekri nou sa pou kè nou ka kontan
nèt ale. **5** Men nouvèl nou te tande nan bouch Jezikri a,
nouvèl m'ap fè nou konnen an: Bondye se limyè. Pa gen
fènwa nan Bondye. **6** Si nou di n'ap viv ansanm ak li, pou
anmenmtan n'ap viv nan fènwa, n'ap bay manti ni nan sa
n'ap di, ni nan sa n'ap fè. **7** Men, si n'ap viv nan limyè
menm jan li menm Bondye li nan limyè, lè sa a se tout
bon n'ap viv ansanm yonn ak lòt. Jezi, Pitit Bondye a, va
netwaye nou ak san li anba tout peche nou yo. **8** Si nou
di nou pa gen peche, se tèt nou n'ap twonpe. Verite a pa
nan nou. **9** Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè
peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè sak
gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye
nou anba tou sa ki mal. **10** Men, si nou di nou pa t' fè
peche, nou fè Bondye pase pou mantò: Pawòl li pa nan
kè nou.

2 Pitit mwen yo, m'ap ekri nou lèt sa a pou nou pa fè
peche. Men, si yon moun rive fè peche, nou gen yon
avoka k'ap plede pou nou bò kot Papa a: Se Jezikri, moun
ki te mache dwat devan Bondye a. **2** Paske, Jezikri te ofri
tèt li tankou bèt yo ofri bay Bondye, pou Bondye te ka
padonnen peche nou yo, pa peche pa nou yo ase, men
peche tout moun tou. **3** Si nou fè sa Bondye mande nou
fè, lè sa a nou mèt sèten nou konnen li. **4** Lè yon moun di:
mwen menm, mwen konn Bondye, epi pou anmenmtan an
li pa fè sa Bondye mande l' fè a, moun sa a se yon mantò.
Verite a pa nan li. **5** Men, moun ki obeyi pawòl Bondye a,
se moun sa a ki konmanse renmen Bondye tout bon vre.
Men ki jan nou ka konnen nou fè yonn ak Bondye: **6** Lè
yon moun di li fè yonn ak Bondye, se pou l' viv tankou Jezi
te viv la. **7** Mezanmi, se pa yon kòmandman tou nèf m'ap
ban nou nan lèt sa a. Se menm ansyen kòmandman yo te
ban nou depi nan konmansman an. Ansyen kòmandman
sa a, se menm pawòl nou te tande deja a. **8** Men, nan
yon sans, se yon kòmandman tou nèf m'ap ban nou la a.
Nou wè kòmandman sa a se yon bagay k'ap aji tout bon
nan lavi Kris la ak nan lavi pa nou tou, paske fènwa a ap
pase, limyè tout bon an gen tan ap klere. **9** Moun ki di
yo nan limyè epi pou anmenmtan yo rayi frè yo, moun
konsa nan fènwa toujou. **10** Se moun ki renmen frè yo ki
nan limyè a. Konsa, pa gen anyen nan yo ki ka fè yon lòt
tonbe nan peche. **11** Men, moun ki rayi frè yo, yo nan
fènwa toujou. Y'ap mache nan fènwa, yo pa konnen kote
yo prale, paske fènwa a rann yo avèg. **12** Timoun mwen
yo, m'ap ekri nou paske Bondye padonnen peche nou yo
poutèt Jezikri. **13** M'ap ekri nou, nou menm granmoun,
paske nou konnen moun ki la depi nan konmansman an.
M'ap ekri nou, nou menm jennmoun, paske nou kraze
dyab la. M'ap ekri nou, nou menm timoun, paske nou konn
Papa a. **14** M'ap ekri nou, nou menm granmoun, paske
nou konnen moun ki la depi nan konmansman an. M'ap
ekri nou, nou menm jennmoun, paske nou gen anpil fòs:
nou kenbe pawòl Bondye a nan kè nou, nou kraze dyab
la. **15** Pa renmen lemonn, ni anyen ki soti nan lemonn. Si
yon moun renmen lemonn, li pa gen renmen pou Papa a
nan kè li. **16** Bagay ki soti nan lemonn se egzijans lachè,
se gwo tanta, se lògèy k'ap vire tèt moun lè yo gen anpil
byen sou latè. Tou sa pa soti nan Papa a. Se nan lemonn
sa soti. **17** Se pase lemonn ap pase, ansanm ak tou sa
moun jwenn ladan l' yo ta vle genyen. Men, moun ki fè sa
Bondye vle, y'ap viv pou tout tan. **(aiōn g165)** **18** Pitit mwen
yo, dènye jou a pa lwen rive. Nou tande yo te di nou moun
k'ap goumen ak Kris la gen pou vini. Men koulye a, se
yon bann moun ki kanpe pou konbat Kris la. Se sa ki fè
nou konnen dènye jou a pa lwen rive ankò. **19** Moun sa
yo pa t' avèk nou tout bon, se poutèt sa yo kite nou. Si
yo te avèk nou tout bon, yo ta toujou rete la avèk nou.
Men, yo kite nou pou tout moun ka wè aklè yo yonn pa t'
avèk nou tout bon. **20** Pou nou menm, nou te resevwa
Sentespri Kris la te voye sou nou an, konsa nou tout nou
konn verite a. **21** Si m'ap ekri nou lèt sa a, se pa paske
nou pa konn verite a non. Men, okontrè, se paske nou
konnen li. Paske nou konnen pa gen manti ki ka soti nan
verite a. **22** Kilès k'ap bay manti la a? Se moun ki di Jezi
pa Kris la. Moun sa a, se goumen l'ap goumen ak Kris la.
Li voye ni Papa a ni Pitit la jete. **23** Moun ki voye Pitit la
jete, li voye Papa a jete tou. Moun ki rekonèt Pitit la, li
rekonèt Papa a tou. **24** Se poutèt sa, pawòl nou te tande
depi nan konmansman an, kenbe li nan kè nou. Si nou
kenbe sa nou te tande depi nan konmansman an nan kè
nou, n'ap toujou fè yonn ak Papa a ansanm ak Pitit la. **25**
Men sa Jezikri te pwomèt l'ap ban nou an: se lavi ki p'ap
janm fini an. **(aiōnios g166)** **26** M'ap ekri nou tou sa poutèt
moun k'ap chache twonpe nou yo. **27** Pou nou menm, Kris
la te voye Sentespri a sou nou. Toutotan Sentespri a nan
kè nou, nou pa bezwen pesonn moutre nou anyen, paske
Sentespri a ap moutre nou tout bagay. Sa l'ap moutre
nou an se verite, se pa manti. Se poutèt sa, ann fè sa
Sentespri a ap moutre nou, ann toujou fè yonn ak Kris la.
28 Wi, pitit mwen yo, ann toujou fè yonn ak Kris la. Konsa,
lè Kris la va parèt, n'a gen konfyans. Wi, jou la vini an,
nou p'ap wont devan l', yo p'ap kapab voye nou jete byen
lwen li. **29** Nou konnen Kris la se yon moun ki te mache
dwat devan Bondye. Se pou nou konnen tou, tout moun ki
fè sa ki dwat devan Bondye se pitit Bondye yo ye.

3 Gade ki jan Papa a renmen nou non! Li sitèlman
renmen nou li rele nou pitit li. Epi se sa nou ye vre.

Se poutèt sa lemonn pa konnen nou, paske li pa konnen
Bondye. 2 Mezanmi, koulye a nou se pitit Bondye. Nou
poko konnen egzakteman sa nou pral tounen. Men, nou
konnen lè Kris la va parèt nou pral tounen tankou l', paske
nou pral wè l' jan l' ye a. 3 Tout moun ki gen espwa sa a
nan kè yo ap kenbe kò yo pou yo pa fè sa ki mal, tankou
Jezikri te kenbe kò l' pou l' pa t' fè sa ki mal. 4 Tout moun
ki fè peche, se dezobeyi yo dezobeyi lalwa Bondye, paske
peche se dezobeyisans lalwa. 5 Nou konn sa: Jezikri te
parèt pou wete peche lèzòm, men li menm li pa t' janm fè
peche. 6 Konsa, si yon moun fè yonn ak Kris la tout tan,
l'ap sispann viv nan peche. Moun ki kontinye ap fè peche
toujou, se moun ki pa janm wè l', ki pa janm konnen li. 7
Pitit mwen yo, pa kite pesonn twonpe nou. Moun ki fè
sa ki dwat, se li ki dwat devan Bondye, menm jan ak
Kris la ki dwat. 8 Moun k'ap kontinye viv nan peche, se
moun Satan yo ye, paske Satan ap fè peche depi nan
konmansman. Pitit Bondye a parèt toutespre pou kraze
travay Satan an. 9 Si yon moun se pitit Bondye li ye, li
p'ap kontinye fè peche, paske pouvwa lavi ki soti nan
Bondye a ap travay nan li. Si se Bondye ki papa l', li pa
kapab ap fè peche toujou. 10 Men jan nou ka depati pitit
Bondye yo ak pitit Satan yo: depi yon moun pa fè sa ki
dwat devan Bondye, depi li pa renmen frè li, se pa pitit
Bondye li ye. 11 Paske, men mesaj nou te tande depi nan
konmansman an: se pou nou yonn renmen lòt. 12 Piga
nou fè tankou Kayen. Nonm sa a se moun Satan li te
ye. Li te touye frè li. Epi poukisa atò? Paske sa Kayen
t'ap fè a pa t' bon, men sa frè l' t'ap fè a te dwat devan
Bondye. 13 Nou pa bezwen sezi, frè m' yo, si moun ki nan
lemonn yo rayi nou. 14 Nou menm, nou konnen nou soti
nan lanmò, nou antre nan lavi. Nou konn sa, paske nou
renmen frè nou yo. Moun ki pa renmen frè l', li mouri. 15
Tout moun ki rayi frè yo, se ansasen yo ye. Nou konnen
yon ansasen pa gen lavi ki p'ap janm fini an nan li. **(aiōnios g166)** 16 Men sa ki fè nou konnen sa renmen ye: Jezikri
bay lavi li pou nou. Se poutèt sa nou menm tou, se pou
nou bay lavi nou pou frè nou yo. 17 Si yon moun ki pa nan
bezwen wè yon frè li nan nesesite, si l' pa gen pitye pou li,
yon moun konsa pa ka pretann li renmen Bondye. 18 Pitit
mwen yo, piga nou renmen sèlman nan bouch, nan bèl
diskou ak bèl pawòl. Se pou nou renmen tout bon vre. Se
pou tout moun wè jan nou renmen lè yo wè sa n'ap fè. 19
Se konsa n'a konnen nou se moun laverite a. Se konsa
n'a santi nan kè nou nou pa gen kè sote devan Bondye.
20 Paske, si konsyans nou kondannen nou, nou konnen
Bondye pi fò pase konsyans nou, li konn tout bagay. 21
Konsa, zanmi m' yo, si konsyans nou pa kondannen nou,
nou gen yon gwo lasirans devan Bondye. 22 Tou sa n'a
mande l', la ban nou l', paske nou menm nou fè tou sa li
mande nou, nou fè sa ki fè l' plezi. 23 Men sa l' mande
nou: Se pou nou gen konfyans nan Pitit li, Jezikri. Se pou
nou yonn renmen lòt, jan Kris la te ban nou lòd la. 24
Moun ki kenbe kòmandman Bondye yo, y'ap fè yonn ak
Bondye, Bondye ap fè yonn ak yo tou. Men ki jan nou
konnen Bondye fè yonn ak nou: nou konnen sa paske li
ban nou Sentespri li.

4 Mezanmi, nou pa bezwen kwè tout moun k'ap di yo
gen Lespri Bondye a. Men, se pou n' sonde yo pou
nou wè si lespri yo genyen an soti nan Bondye vre. Paske,
gen yon bann fo pwofèt ki gaye toupatou sou latè a. 2
Men ki jan nou ka konnen si yon lespri soti nan Bondye:
tout moun ki di Jezikri te yon moun tout bon, se moun
ki gen lespri ki soti nan Bondye a. 3 Men, si yon moun
refize rekonèt Jezi te yon moun tout bon, moun sa a pa
gen lespri ki soti nan Bondye a. Lespri li genyen an soti
nan moun k'ap goumen ak Kris la. Yo te di nou moun k'ap
goumen ak Kris la te gen pou l' te vini. Enben, koulye a li
deja nan lemonn. 4 Men, nou menm, pitit mwen yo, nou
se moun Bondye, nou kraze fo pwofèt yo, paske lespri
ki nan nou an gen plis pouvwa pase lespri ki nan moun
ki pou lemonn yo. 5 Lè y'ap pale yo pale tankou moun
ki nan lemonn. Moun ki nan lemonn ap koute yo paske
yo menm tou yo se moun lemonn. 6 Men, nou menm,
nou se moun Bondye. Tout moun ki konnen Bondye, yo
koute lè n'ap pale ak yo. Moun ki pa moun Bondye p'ap
koute nou. Se konsa nou ka konnen diferans ki genyen
ant lespri k'ap pale verite a ak lespri k'ap bay manti a. 7
Mezanmi, se pou nou yonn renmen lòt paske renmen
soti nan Bondye. Moun ki gen renmen nan kè yo, se pitit
Bondye yo ye. Yo konnen ki moun Bondye ye. 8 Moun ki
pa gen renmen nan kè yo, yo pa konn Bondye, paske
Bondye se renmen menm. 9 Men ki jan Bondye fè nou
wè jan li renmen nou. Li te voye sèl pitit li a sou latè pou l'
te ka ban nou lavi. 10 Men kisa renmen an ye: Se pa
nou menm ki te renmen Bondye, se li menm pito ki te
renmen nou, ki te voye Pitit li a pou nou te ka resevwa
padon pou peche nou yo, gremesi Pitit la. 11 Mezanmi, si
Bondye renmen nou konsa, nou menm tou se pou nou
yonn renmen lòt. 12 Pesonn pa janm wè Bondye. Men,
si nou yonn renmen lòt, Bondye fè yonn ak nou. Konsa
n'a renmen tout bon, jan Bondye renmen an. 13 Nou
konnen nou fè yonn ak Bondye, Bondye fè yonn ak nou,
paske li ban nou Sentespri li. 14 Nou menm, n'ap di sa
nou te wè. Papa a voye Pitit li a pou delivre tout moun.
15 Moun ki rekonèt Jezi pou Pitit Bondye a, Bondye fè
yonn ak yo, yo fè yonn ak Bondye. 16 Nou menm nou
konnen jan Bondye renmen nou, nou kwè se vre. Bondye
se renmen an menm. Moun ki gen renmen nan kè yo, yo
fè yonn ak Bondye, Bondye fè yonn ak yo. 17 Nou konnen
nou renmen Bondye tout bon lè kè nou pa kase pou jou
jijman an, paske n'ap viv nan lemonn tankou Kris la t'ap
viv. 18 Kote ki gen renmen, pa gen kè kase. Okontrè, lè
nou renmen tout bon, si kè nou te kase, li pa kase ankò.
Konsa, yon moun ki pè toujou, li poko fin renmen nèt.
Paske si ou pè, se paske ou pè chatiman. 19 Pou nou
menm, nou gen renmen nan kè nou, paske Bondye te
renmen nou anvan. 20 Si yon moun di: mwen renmen
Bondye, pou anmenmtan pou l' rayi frè l', moun sa a ap
bay manti. Paske, si li pa renmen frè l', yon moun li ka wè,

li pa ka renmen Bondye li pa ka wè a. **21** Se sak fè, men
kòmandman Kris la ban nou: Moun ki renmen Bondye, yo
fèt pou renmen frè yo tou.

5 Tout moun ki rekonèt Jezi se Kris la, se pitit Bondye yo
ye. Si ou renmen yon papa, se pou ou renmen pitit li
tou. **2** Nou konnen nou renmen pitit Bondye yo lè nou
renmen Bondye, lè nou fè tou sa li mande nou fè. **3** Nou
renmen Bondye, lè nou fè tou sa li mande nou fè. Sa
Bondye mande nou fè yo pa twò difisil pase sa. **4** Paske,
depi se pitit Bondye ou ye, ou kapab genyen batay la sou
lemonn. Men ki jan nou fè gengen batay la sou lemonn,
se paske nou gen konfyans nan Bondye. **5** Ki moun ki ka
genyen batay la sou lemonn? Se sèlman moun ki kwè
Jezi se pitit Bondye a. **6** Jezikri se moun ki te vini an: li te
vini ak dlo batèm lan ansanm ak san lanmò li a. Li pa t'
vini ak dlo a sèlman, men li te vini avèk dlo ansanm ak
san. Lespri Bondye a di se vre sa, paske Lespri Bondye a
se verite a menm. **7** Gen yo twa k'ap di Jezi se moun ki te
vini an. **8** Se Lespri Bondye a, se dlo a ansanm ak san
an. Yo touletwa yo dakò. **9** Nou asepte pawòl moun pou
verite. Men, pawòl Bondye a pi bon toujou. Epi, sa se
temwayaj Bondye bay pou Pitit li a. **10** Konsa, moun ki
gen konfyans nan Pitit Bondye a, se moun ki pran pawòl
Bondye a pou verite epi ki kenbe l' nan kè yo. Men, moun
ki pa gen konfyans nan Bondye, yo fè Bondye pase pou
mantò, paske yo pa t' kwè pawòl Bondye te di sou Pitit li a
se verite. **11** Men pawòl verite a: Bondye ban nou lavi ki
p'ap janm fini an. Se nan Pitit li a li ban nou li. **(aiōnios
g166)** **12** Moun ki gen Pitit la, yo gen lavi sa a tou. Men,
moun ki pa gen Pitit Bondye a, yo pa gen lavi sa a non
plis. **13** M'ap ekri nou lèt sa a, nou menm ki kwè nan
Pitit Bondye a pou nou ka konnen nou gen lavi ki p'ap
janm fini an. **(aiōnios g166)** **14** Se poutèt sa kè nou pa sote
devan Bondye. Nou konnen l'ap koute nou si nou mande
l' kichòy ki dakò ak volonte li. **15** Konsa, non sèlman nou
konnen l'ap koute nou lè nou fè l' yon demann, men nou
konnen tou l'ap ban nou sa nou mande l' la. **16** Si yon
moun wè yon frè l' fè yon peche ki p'ap fè l' mouri, se pou
l' lapriyè Bondye pou Bondye bay frè a lavi. Prensip sa
a bon pou moun ki fè peche ki p'ap fè yo mouri. Men,
gen yon kalite peche ki mennen yon moun tou dwat nan
lanmò. mwen pa di pou yo lapriyè pou moun ki fè kalite
peche sa yo. **17** Tou sa ou fè ki mal, se yon peche. Men,
se pa tout peche k'ap mennen ou nan lanmò. **18** Nou
konnen depi yon moun pitit Bondye, li p'ap kontinye ap viv
nan peche toujou. Paske, Pitit Bondye a ap veye sou li,
Satan pa ka fè l' anyen. **19** Nou konnen nou se moun
Bondye. Men, tou sa ki sou latè anba pouvwa Satan. **20**
Nou konnen Pitit Bondye a te vini, li louvri lespri nou pou
nou ka konnen Bondye tout bon an. N'ap viv ansanm ak
Bondye tout bon an, gremesi Pitit li, Jezikri. Se li menm ki
Bondye tout bon an, se li menm ki lavi ki p'ap janm fini an.
(aiōnios g166) **21** Pitit mwen yo, veye kò nou ak zidòl!

2 Jan

1 Mwen menm, chèf reskonsab nan legliz la, m'ap ekri
lèt sa a pou Kiriya Bondye te chwazi a, yon moun
mwen renmen tout bon, ansanm ak pitit li yo. Se pa mwen
sèlman, men se tout moun ki konn verite a ki renmen nou.
2 Paske verite a nan kè nou, l'ap avèk nou pou tout tan.
(aiōn g165) 3 Mwen mande Bondye Papa a ansanm ak
Jezikri, Pitit Papa a, pou yo gen pitye pou nou, pou yo
ban nou benediksyon ak kè poze, pou nou ka resevwa
tout bagay sa yo nan laverite ak nan renmen. 4 Mwen pa
t' manke kontan lè m' wè te gen de twa nan pitit ou yo
k'ap mache nan verite a, jan Papa a mande nou sa. 5
Koulye a, men sa m'ap mande ou, Kiriya: se pou nou yonn
renmen lòt. Se pa yon lòt kòmandman tou nèf m'ap ekri la
a ban nou. Se menm kòmandman nou te genyen depi nan
konmansman an. 6 Si nou gen renmen nan kè nou, sa vle
di n'ap viv dapre kòmandman Bondye yo. Men sa Bondye
mande nou, se pou nou viv nan renmen. Se sa menm
nou te aprann depi nan konmansman. 7 Gen anpil moun
koulye a toupatou sou latè k'ap chache twonpe moun: yo
pa vle rekonèt Jezikri te vin sou latè tankou yon moun
tout bon. Moun nou wè k'ap fè sa, se moun k'ap twonpe
moun, se moun k'ap goumen ak Kris la. 8 Veye kò nou
byen pou nou pa pèdi benefis travay nou an, pou nou ka
resevwa tout rekonpans nou. 9 Si yon moun pa kenbe sa
Kris la te moutre nou an, si li al pi lwen, li pa gen Bondye.
Moun ki kenbe sa Kris la te moutre a, se li menm ki gen
Papa a ak Pitit la. 10 Si yon moun vin jwenn nou pou l'
moutre nou yon lòt bagay, pa resevwa l' lakay nou. Ata
bonjou pou nou refize di li. 11 Paske, depi ou di yon moun
konsa bonjou, ou dekonplis ak li nan tout move bagay
l'ap fè yo. 12 Mwen gen anpil bagay pou m' di nou. Men,
mwen pito pa ekri yo sou papye ak lank. Mwen swete m'a
ka vin lakay nou pou m' pale ak nou fasafas, pou nou tout
nou ka kontan nèt. 13 Pitit sè ou yo, sè Bondye te chwazi
ansanm avè ou la, yo voye bonjou pou ou.

3 Jan

1 Se mwen menm, chèf reskonsab nan legliz la, k'ap
ekri lèt sa a pou Gayis, frè mwen renmen tout bon an.
2 Gayis monchè, mwen swete tout bagay ap mache byen
pou ou. Mwen swete ou an sante nan kò ou tankou ou an
sante nan lespri ou. 3 Mwen pa t' manke kontan lè kèk frè
rive bò isit la, yo di m' jan ou rete fèm nan verite a, jan ou
toujou ap viv dakò ak verite a. 4 Pa gen anyen ki pou fè
m' pi kontan pase lè m' tande pitit mwen yo ap viv dakò ak
verite a. 5 Zanmi mwen, tou sa w'ap fè pou frè yo, menm
pou frè etranje yo tou, ou fè l' byen. 6 Yo di devan tout
legliz la jan ou gen renmen tout bon nan kè ou. Tanpri,
toujou ede frè yo pou yo ka pousib vwayaj yo, jan Bondye
vle l' la. 7 Paske, se pou sèvis Kris la y'ap fè vwayaj sa a.
Yo pa asepte okenn konkou nan men moun ki pa konn
Bondye. 8 Se poutèt sa, moun konsa, nou menm patizan
Kris yo, nou fèt pou soutni yo pou nou ka patisipe nan
travay y'ap fè pou verite a. 9 Mwen te ekri yon lèt tou kout
voye bay legliz la. Men, Diyotrèf ki renmen pran pòz chèf
li nan mitan yo a, refize koute sa m' di a. 10 Se poutèt sa,
lè m'a rive, m'ap devwale tou sa li fè ki mal, tout move
pawòl ak manti l'ap bay sou mwen yo. Li pa kontante l' fè
sa sèlman. Li refize resevwa frè yo ki depasaj. Si gen
moun ki ta vle resevwa yo, li enpoze yo fè l', li menm
chache mete yo deyò nan legliz la. 11 Zanmi mwen, pa fè
tankou moun k'ap fè sa ki mal. Fè tankou moun k'ap fè sa
ki byen. Moun k'ap fè sa ki byen, se moun Bondye yo ye.
Moun k'ap fè sa ki mal pa t' janm wè Bondye. 12 Tout frè
yo pale byen pou Demetriyis. Menm laverite a pale byen
pou msye. Nou menm tou, n'ap pale byen pou li, epitou
ou konnen sa nou di se verite. 13 Mwen gen anpil bagay
pou m' ta di ou. Men, mwen pa vle ekri yo ak plim ak lank.
14 (14-15) Mwen swete m'a ka vin wè ou talè konsa, pou
nou ka koze fasafas. Mwen mande pou Bondye ba ou
kè poze. Tout zanmi ou yo voye bonjou pou ou. Di chak
zanmi m' yo yon bonjou apa pou mwen.

Jid

1 Mwen menm Jid, sèvitè Jezikri, frè Jak la, m'ap ekri
nou lèt sa a, nou tout Bondye rele, nou menm k'ap viv
ansanm nan renmen Bondye Papa a ak anba proteksyon
Jezikri. 2 Mwen mande pou li gen pitye pou nou, pou li
ban nou kè poze ak renmen an kantite. 3 Zanmi m' yo,
mwen pa t' manke anvi ekri nou pou m' te pale nou sou
jan Bondye delivre nou tout ansanm lan. Men, m' blije ekri
nou koulye a pou mwen kapab ankouraje nou, pou nou
pran defans lafwa Bondye te bay yon sèl fwa pou tout tan
an, pou tout moun pa l' yo. 4 Paske, gen kèk mechan ki
gen tan fofile kò yo nan mitan nou. Se moun ki san respè
pou Bondye. Yo pran renmen Bondye renmen nou an sèvi
yon kouvèti pou fè dezòd. Yo vire do bay Jezikri ki sèl Mèt
ak sèl Segnè nou an. Depi lontan yo te ekri nan Liv la ki
kalite kondannasyon k'ap tann moun sa yo. 5 Atout nou
deja konnen tout bagay sa yo byen pròp, mwen vle fè nou
chonje ki jan, lè Bondye te fin delivre pèp Izrayèl la anba
moun Lejip yo, li te detwi tout moun ki pa t' kwè yo. 6
Chonje tou ki jan zanj ki pa t' rete nan pozisyon Bondye
te ba yo a men ki te kite kote l' te mete yo a, Bondye
kenbe yo nan mitan fènwa a, mare nan yon chenn ki p'ap
janm kase. Se la y'ap tann gwo jou jijman an. **(aïdios g126)**
7 Menm jan an tou, chonje moun Sodòm ak Gomò ak
tout ti bouk nan vwazinaj yo a. Yo te fè tankou zanj sa
yo. Yo te lage kò yo nan tout kalite dezòd lachè, yo te
menm rive nan fè gason ak gason, fi ak fi. Pou peni yo, yo
lage yo nan dife k'ap boule tout tan an. Sa se yon egzanp
ak yon avètisman pou tout moun. **(aiōnios g166)** 8 Menm
jan an tou, mesye sa yo, avèk tout vizyon y'ap plede fè
yo, y'ap fè tout kalite vye bagay ak kò yo, y'ap meprize
otorite Bondye, y'ap pale pouvwa ki nan syèl yo mal. 9
Menm Akanj Michèl, lè li t'ap plede ak dyab la pou kadav
Moyiz, li pa t' penmèt li jije dyab la yon jan pou l' te manke
l' dega. Men, li annik di li: Mèt la va regle avè ou. 10
Yo menm, okontrè, yo pale mal sou sa yo pa konprann.
Bagay yo konnen se bagay ensten yo moutre yo tankou
bèt ki san konprann. Se bagay sa yo menm k'ap pèdi
yo. 11 Malè pou yo! Y'ap fè menm rout ak Kayen. Pou
yo ka fè kòb, yo lage kò yo nan menm move chemen
Balaram lan. y'a mouri tankou Kore ki te peri nan fè rebèl
ak Bondye. 12 Moun sa yo, se gate yo vin gate manje
n'ap fè pou frè yo. Yo san ront konsa. Yo vin manje, yo vin
bwè kont kò yo san chonje moun; se pròp tèt yo ase yo
konnen. Yo tankou nwaj van ap gaye nan syèl la san bay
lapli. Yo tankou pyebwa ki pa janm donnen, menm nan
sezon rekòt. Wi, yo tankou pyebwa yo derasinen epi ki fin
mouri nèt. 13 Yo tankou lanm lanmè lè lanmè a move.
Y'ap pouse kim salte yo met deyò. Yo tankou zetwal ki
pèdi rout yo. Bondye sere yon plas pou yo kote ki fè pi
nwa a pou tout tan. **(aiōn g165)** 14 Depi lontan, Enòk, ki
te vin sèt jenerasyon apre Adan, te pale sou yo, lè l' te
di: Koute. Men Bondye ap vini ak tout lame moun pa li
yo. 15 L'ap jije tout moun; l'ap kondannen tout mechan
yo pou tout move bagay yo te fè kont Bondye. Moun sa
yo ki te san respè pou Bondye, l'ap kondannen yo pou
tout move paròl yo te di sou li. 16 Moun sa yo toujou ap
bougonnen, y'ap plede plengnen sou sitiyasyon yo. Se
enterè yo ase y'ap chache. Depi yo louvri bouch yo, se
vante y'ap vante tèt yo. Y'ap flate tout moun pou yo tire
avantaj sou yo. 17 Men, nou menm, zanmi m' yo, toujou
chonje paròl apòt Segnè Jezikri yo te di nou davans lan.
18 Yo te di nou konsa: Lè dènye jou yo va rive, va gen
anpil moun k'ap san respè pou bagay Bondye yo, moun
k'ap pase nou anba betiz, moun k'ap viv dapre vye lide
lanvi yo gengnen. 19 Se moun sa yo k'ap simen divizyon.
Yo kite egzijans lachè dominen yo. Se pa Lespri Bondye a
k'ap dirije lavi yo. 20 Men, nou menm, mezanmi, annou
kontinye grandi toujou nan konfyans nou k'ap fè nou viv
pou Bondye nèt ale. Avèk pouvwa Sentespri a, annou
lapriyè san rete. 21 Rete fèm nan renmen nou gen pou
Bondye a, pandan n'ap tann Segnè nou, Jezikri, k'ap vin
ban nou lavi ki p'ap fini an paske li gen pitye pou nou.
(aiōnios g166) 22 Gen pitye pou frè yo ki nan doutans
toujou. 23 Lonje men delivre yo, rache yo soti nan mitan
dife a. Se pou nou gen pitye pou lòt moun yo tou. Men, fè
atansyon, paske se pou nou rayi ata rad ki sou yo nan
move lavi y'ap mennen an. 24 Koulye a tout lwanj, tout
grandè, tout pouvwa ak tout otorite pou yon sèl Bondye a,
pou Bondye ki ka kenbe nou pou nou pa tonbe, li menm ki
kapab fè nou parèt san repròch ak kè kontan devan l' nan
tout bèl pouvwa li. 25 Li menm, sèl Bondye ki delivre nou
gremesi Jezikri, Segnè nou an, wi, se pou li tout lwanj,
tout grandè, tout pouvwa ak tout otorite, depi nan tan
lontan, koulye a ak pou tout tan. Amèn. **(aiōn g165)**

Revelasyon

1 Men revelasyon Bondye te bay Jezikri pou l' te fè
sèvitè l' yo konnen sa ki gen pou rive anvan lontan.
Se Kris la menm ki voye zanj li bò kot Jan, sèvitè l' la,
pou fè l' konnen tout bagay sa yo. **2** Se menm Jan sa a
k'ap rakonte tou sa li te wè. Li rapòte mesaj ki soti nan
Bondye a ansanm ak verite Jezikri te fè l' konnen an.
3 Benediksyon pou moun k'ap li liv sa a. Benediksyon
pou tout moun k'ap koute pawòl mesaj sa a ki soti nan
Bondye, pou tout moun k'ap obeyi tou sa ki ekri nan Liv sa
a, paske pa rete lontan ankò pou bagay sa yo rive. **4** Se
mwen menm Jan, k'ap ekri sèt legliz ki nan pwovens Lazi
yo. M'ap lapriyè pou nou ka resevwa benediksyon ak kè
poze ki soti nan Bondye, li menm ki la, ki te toujou la epi
ki gen pou vini an, benediksyon ak kè poze ki soti nan sèt
lespri yo ki kanpe devan fotèy li a, **5** benediksyon ak kè
poze ki soti nan Jezikri tou, li menm ki te bay verite a jan l'
ye a, li menm premie pitit ki leve soti vivan nan lanmò a, li
menm ki chèf tout wa ki sou latè. Kris la renmen nou, li
bay san li lè li mouri pou l' te ka delivre nou anba peche
nou yo. **6** Li fè nou tounen wa ak prèt pou n' sèvi Bondye
Papa li. Se pou li tout lwanj ak tout otorite pou tout tan.
Amèn. **(aiōn g165)** **7** Gade. Men Kris la ap vini sou tèt nwaj
yo! Tout moun pral wè l', menm moun ki te pèse l' yo. Tout
pèp sou latè pral kriye lè y'a wè li. Wi, se konsa sa pral
pase. Amèn. **8** Mwen se konmansman, mwen se finisman
tankou A ak Z. Se Bondye, Mèt ki gen tout pouvwa a,
ki di sa, li menm ki la, ki te toujou la epi ki gen pou vini
an. **9** Mwen menm, Jan, mwen se frè nou. M'ap pataje
tout bagay ak nou, kit se soufrans nou, kit se gouvènman
Bondye ki wa a, kit se pasians Jezi ban nou an. Yo te
ban mwen yon lil yo rele Patmòs pou prizon paske mwen
t'ap fè konnen pawòl Bondye a ansanm ak verite Jezi te
moutre a. **10** Yon jou dimanch, jou Mèt la menm, Lespri
Bondye a pran m', mwen tande yon gwo vwa dèyè do m'
ki sonnen tankou yon klewon. **11** Li di m' konsa: Tou sa
ou wè, ekri yo nan yon liv. Voye liv la bay sèt legliz ki nan
sèt lavil sa yo: Efèz, Esmen, Pègam, Tiyati, Sad, Filadèlfi
ak Lawodise. **12** M' vire pou m' wè ki moun ki t'ap pale
avè m' lan. Lè sa a, mwen wè sèt gwo lanp sèt branch
an lò kanpe, **13** ak nan mitan yo yon moun ki te sanble
ak yon gason. Li te gen yon gwo rad sou li byen long ki
te bat jouk sou pie l', ak yon sentiwon an lò mare sou
lestonmak li. **14** Cheve nan tèt li te tankou lenn mouton,
blan kou koton. Je l' yo menm te tankou de flanm dife. **15**
Pie l' yo te klere tankou kwiv yo poli apre yo fin chofe l'
nan fòj. Lè l' pale menm, vwa l' te tankou bri gwo dlo k'ap
sot tonbe nan yon falèz. **16** Li te gen sèt zetwal nan men
dwat li ak yon nepe file de bò k'ap soti nan bouch li. Figi l'
menm te klere tankou gwo solèy midi. **17** Lè mwen wè
l', mwen tonbe nan pie l' tankou yon moun ki mouri. Li
mete men dwat li sou mwen, li di m' konsa: Ou pa bezwen
pè! Se mwen ki premie, se mwen ki dènye. **18** Mwen se
moun ki vivan an. Mwen te mouri, men koulye a, mwen
vivan pou tout tan. Mwen gen pouvwa sou lanmò ak sou
peyi kote mò yo ye a. **(aiōn g165, Hadēs g86)** **19** Ekri tou sa
ou wè a: ni sa k'ap pase koulye a, ni sa ki gen pou rive
apre. **20** Men sans kache sèt zetwal ou wè nan men dwat
mwen an, ansanm ak sans sèt gwo lanp sèt branch lò
yo. Sèt zetwal yo se zanj sèt legliz yo. Sèt gwo lanp sèt
branch yo, se sèt legliz yo.

2 Ekri zanj legliz ki nan lavil Efèz la. Di l' konsa: Moun
ki kenbe sèt zetwal yo nan men dwat li a, moun k'ap
mache nan mitan sèt gwo lanp sèt branch lò yo, men
sa li voye di ou: **2** Mwen konnen tou sa w'ap fè, jan ou
travay di, jan ou gen pasians. Mwen konnen tou ou pa ka
sipòte mechan yo: ou sonde tout moun sa yo k'ap pran
pòz apòt yo. Ou dekouvri se mantò yo ye. **3** Ou gen anpil
pasians, ou soufri anpil poutèt mwen. Ou pa dekouraje.
4 Men, men repwòch mwen gen pou m' fè ou: Koulye
a ou pa renmen m' jan ou te renmen m' anvan an. **5**
Chonje kote ou te ye anvan ou tonbe a, tounen vin jwenn
Bondye. Reprann lavi ou t'ap mennen anvan an. Si ou pa
tounen vin jwenn Bondye, m'ap vini kote ou ye a, m'ap
wete chandelie ou la nan plas kote l' ye a. **6** Men, malgre
sa, ou gen kichòy ki bon: ou pa vle wè sa bann Nikolayit
yo ap fè a. Mwen menm tou, mwen pa vle wè yo. **7** Se
pou moun ki gen zòrèy pou yo tande tande sa Lespri
Bondye a ap di legliz yo! Tout moun ki va goumen jouk
yo genyen batay la, m'ap ba yo dwa pou yo manje nan
piebwa ki bay lavi a, piebwa ki nan mitan jaden Bondye
a. **8** Ekri zanj legliz ki nan lavil Esmen lan. Di l' konsa:
Moun ki premie a ak dènye a, li menm ki te mouri, men ki
te leve soti vivan nan lanmò a, men sa l' voye di ou: **9**
Mwen konnen jan w'ap soufri. Mwen konnen jan ou pòv.
Men, pou di vre, ou rich anpil! Mwen konnen jan moun ki
swadizan jwif yo ap pale ou mal. Men, se pa jwif yo ye.
Se yon bann moun Satan. **10** Ou pa bezwen pè pou sa
ou pral soufri ankò. Koute, Satan pral chache sonde nou
tout, li pral jete anpil nan nou nan prizon. Nou pral soufri
pandan dis jou. Men, kenbe fèm menm si nou gen pou n'
mouri. M'a ban nou lavi pou rekonpans. **11** Se pou moun
ki gen zòrèy pou yo tande tande sa Lespri Bondye a ap di
legliz yo. Moun ki va goumen jouk yo genyen batay la
p'ap soufri dezyèm lanmò a. **12** Ekri zanj legliz ki nan lavil
Pègam lan. Di l' konsa: Men sa moun ki gen nepe file de
bò a voye di ou: **13** Mwen konnen kote ou rete a se la
Satan chita. Ou pa lage m', ou pa pèdi konfians ou gen
nan mwen an, menm lè yo te fè touye Antipas ki mouri
poutèt mwen la nan mitan nou, nan lavil kote Satan rete
a. **14** Men, men repwòch mwen gen pou m' fè ou: ou gen
kèk moun lakay ou k'ap swiv konsèy Balaram te bay lè li
te moutre Balak sa pou l' te fè pou fè pitit Izrayèl yo tonbe
nan peche, pou l' te fè yo manje viann bèt yo te ofri pou
touye bay zidòl, pou l' te fè yo lage kò yo nan imoralite.
15 Konsa tou, ou gen kèk moun lakay ou k'ap swiv konsèy
Nikolayit yo. **16** Tounen vin jwenn Bondye non. Si ou pa
fè sa, talè konsa m'ap vini, m'ap goumen ak moun sa yo

ak nepe k'ap soti nan bouch mwen an. 17 Se pou moun ki
gen zòrèy pou yo tande tande sa Lespri Bondye a ap di
legliz yo. Tout moun ki va goumen jouk yo genyen batay
la, m'a ba yo laman ki kache a. M'ap ba yo chak yon ti
wòch blan ak yon lòt non ekri sou li, yon non pesonn pa
konnen esepte moun ki resevwa l' la. 18 Ekri zanj legliz ki
nan lavil Tiyati a. Di l' konsa: Men sa pitit Bondye a voye
di ou, li menm ki gen je l' yo tankou de flanm dife, ak pie l'
yo klere tankou kwiv poli. 19 Mwen konnen tou sa w'ap fè.
Mwen konnen jan ou gen renmen nan kè ou, jan ou gen
konfians, jan ou fè sèvis ou byen, ak jan ou gen anpil
pasians. Mwen konnen tou w'ap travay koulye a pi plis
pase anvan. 20 Men, men repwòch mwen gen pou m'
fè ou: w'ap tolere fanm yo rele Jezabèl la k'ap pran pòz
pwofèt Bondye li. L'ap detounen sèvitè m' yo, l'ap moutre
yo pou yo lage kò yo nan imoralite, pou yo manje viann
bèt yo te ofri pou touye bay zidòl. 21 Mwen ba l' kont tan
pou l' vire kite peche l' yo. Men, li pa vle kite imoralite li a.
22 Se poutèt sa, mwen pral lage l' jete sou yon kabann
kote li pral soufri anpil. Tout moun k'ap fè adiltè avè l' yo
pral soufri anpil tou, si yo pa chanje, si yo pa kite move
zak y'ap plede fè ansanm avè l' yo. 23 Apre sa, m'ap fè
tout pitit li yo mouri. Konsa, tout legliz yo va konnen mwen
se moun ki konnen tout lide lèzòm ap fè nan tèt yo ak tout
santiman yo gen nan kè yo. M'ap bay chak moun sa yo
merite dapre sa yo fè. 24 Pou nou menm, lòt manm legliz
nan lavil Tiyati yo ki pa swiv move konsèy sa yo, ki pa t'
aprann sa bann moun sa yo ap rele gwo sekrè Satan an,
men sa m'ap di nou: Mwen p'ap ban nou lòt chay pase
sa. 25 Men, kenbe sa nou genyen an byen fèm jouk jou
m'a tounen. 26 Tout moun ki va goumen jouk yo genyen
batay la, epi ki va toujou ap fè sa m' vle yo fè a jouk sa
kaba, m'a ba yo pouvwa sou tout nasyon, 27 menm jan
Papa m' te ban m' pouvwa sa a tou. Y'a gouvènen nasyon
yo ak yon baton fè, y'a kraze yo an miyèt moso tankou
yon kannari yo kraze. 28 M'a ba yo bèl zetwal ki klere
chak maten an tou. 29 Se pou moun ki gen zòrèy pou yo
tande tande sa Lespri Bondye a ap di legliz yo.

3 Ekri zanj legliz ki nan lavil Sad la. Di l' konsa: Men
sa moun ki gen sèt Lespri Bondye yo ak sèt zetwal yo
voye di ou: Mwen konnen tou sa w'ap fè. Mwen konnen
tout moun konprann ou vivan. Men, ou mouri. 2 Souke kò
ou, bay ti rès lavi ou rete a fòs anvan ou fin mouri nèt.
Paske, mwen wè sa w'ap fè a pa fin kòrèk devan Bondye
mwen an. 3 Chonje sa yo te moutre ou la. Chonje jan ou
te resevwa li. Obeyi l', tounen vin jwenn Bondye. Si ou
pa sispann dòmi, m'ap vini sou ou tankou yon vòlè, san
ou pa atann. 4 Men, gen kèk moun nan nou nan lavil
Sad la ki te kenbe rad yo pwòp. Y'a mache ansanm avè
m' ak rad blan yo, paske yo merite sa. 5 Tout moun ki
goumen jouk yo genyen batay la pral mete rad blan an
sou yo. Mwen p'ap wete non yo nan liv ki gen non moun
ki gen lavi a. M'ap rekonèt yo pou moun pa m' devan
Papa mwen ak devan zanj li yo. 6 Se pou moun ki gen
zòrèy pou yo tande tande sa Lespri Bondye a ap di legliz
yo. 7 Ekri zanj legliz ki nan lavil Filadèlfi a. Di l' konsa:
Moun ki sen an, moun k'ap di verite a, moun ki gen kle wa
David la nan men l' lan, moun ki lè li louvri pesonn pa
ka fèmen, lè l' fèmen pesonn pa ka louvri a, men sa l'
voye di ou: 8 Mwen konnen tou sa w'ap fè. Mwen konnen
ou pa gen anpil kouraj. Malgre sa, w'ap kenbe pawòl
mwen. Ou pa lage mwen. Mwen louvri yon pòt devan
ou, pesonn p'ap ka fèmen li. 9 Men, pou moun ki fè pati
gwoup Satan an, bann mantò sa yo k'ap pran pòz jwif yo
men ki pa jwif, m'ap fòse yo vin mete ajenou devan ou
pou yo ka respekte ou. Se pou yo rekonèt se ou menm
mwen renmen. 10 Menm jan ou te kenbe lòd mwen te ba
ou lè m' te mande ou pou te pran pasians lan, konsa tou,
m'a kenbe ou, m'a pwoteje ou nan malè ki pral vin sou
tout latè a. Se va yon gwo eprèv pou tout moun ki sou
latè. 11 Anvan lontan mapral vini. Kenbe sa ou genyen an
fèm pou pesonn pa wete rekonpans ou nan men ou. 12
Tout moun ki va goumen jouk yo genyen batay la, m'ap fè
yo tounen yon gwo poto nan kay Bondye a. Apre sa, yo
p'ap janm soti. M'a make non Bondye ansanm ak non
lavil Bondye a, lòt Jerizalèm k'ap desann sot nan sièl la,
sou yo. M'ap make lòt non mwen an sou yo tou. 13 Se
pou tout moun ki gen zòrèy pou yo tande tande sa Lespri
Bondye a ap di legliz yo. 14 Ekri zanj legliz ki nan lavil
Lawodise a. Di l' konsa: Moun ki verite a, moun k'ap di
verite a jan l' ye a san bay manti, li menm ki sous tou sa
Bondye kreye a, men sa li voye di ou: 15 Mwen konnen
tou sa w'ap fè. Mwen konnen ou pa ni cho ni frèt. Pito ou
te cho osinon ou te frèt. 16 Men, ou kièd, ou pa cho, ou
pa frèt. Mwen pral vonmi ou soti nan bouch mwen. 17
W'ap plede di: Mwen rich, zafè m' ap mache byen. Mwen
pa manke anyen. Pòdiab! Konnen ou pa konnen jan ou
malere, jan ou nan gwo nesesite, jan ou pòv, toutoni ak
tou de je ou yo pete! 18 Se poutèt sa, mwen ta ba ou
konsèy achte nan men m' bon lò san melanj ki pase nan
dife. Konsa ou va rich tout bon. Achte nan men m' tou rad
blan pou mete sou ou pou moun pa wè jan ou toutouni.
Sa se yon wont pou ou. Achte nan men m' tou renmèd
pou mete nan je ou pou ou ka wè. 19 Moun mwen renmen
se yo mwen korije, se yo mwen peni. Mete plis aktivite
nan sèvis ou. Tounen vin jwenn Bondye. 20 Koute. Men
mwen kanpe la devan pòt la, m'ap frape. Si yon moun
tande vwa m', si l' louvri pòt la ban mwen, m'a antre lakay
li, m'a manje ansanm avè l', la manje ansanm avèk mwen.
21 Tout moun ki goumen jouk yo genyen batay la, m'ap ba
yo dwa chita bò kote m' lè m'a sou fòtèy mwen an, menm
jan mwen menm mwen te goumen jouk mwen te genyen
batay la, pou koulye a mwen chita bò kot Papa m' ki chita
sou fòtèy li a. 22 Se pou moun ki gen zòrèy pou yo tande
tande sa Lespri Bondye a ap di legliz yo.

4 Apre sa, mwen fè yon lòt vizyon, mwen wè yon pòt
louvri nan sièl la. Vwa ki t'ap sonnen nan zòrèy mwen
tankou yon klewon an, menm vwa ki t'ap pale avè m'
anvan an, di m' konsa: Moute bò isit, m'a fè ou wè sa ki
gen pou rive apre sa. 2 Lamenm, Lespri Bondye a fè m' fè

yon vizyon, mwen wè yon fòtèy nan sièl la ak yon moun
chita sou li. 3 Figi moun lan te klere tankou piè bijou yo
rele jasp la ak sa yo rele sadwan lan. Fòtèy la menm te
nan mitan yon gwo lakansièl ki te klere tankou yon piè
emwòd. 4 Tout arebò fòtèy la te gen vennkat lòt fòtèy ak
vennkat granmoun chita sou yo. Granmoun yo te gen rad
tout blan sou yo, ak yon kouwòn an lò sou tèt yo chak. 5
Kout zèklè t'ap pati soti nan fòtèy la ansanm ak mizik ak
kout loraj. Te gen sèt flanbo limen ki t'ap boule devan
fòtèy la; se sèt Lespri Bondye yo. 6 Devan fòtèy la tou te
gen yon bagay ki te sanble yon lanmè an glas ki klere kou
kristal. Toupre fòtèy la, te gen kat bèt vivan kanpe yonn
nan chak direksyon. Yo te gen anpil je devan kou dèyè. 7
Premie a te sanble ak yon lyon. Dezyèm lan te sanble ak
yon jenn ti towo bèf. Twazièm lan te gen yon figi ki te
sanble ak figi moun. Katriyèm lan te sanble ak yon gwo
malfini k'ap vole. 8 Yo chak yo te gen sis zèl. Tout kò yo
se te je andedan kou deyò. Lajounen kou lannwit y'ap
chante san rete: Wi, li sen, li sen, li sen vre, Bondye sèl
Mèt ki gen tout pouvwa a, Li menm ki te la, ki la koulye a,
ki gen pou vini an. 9 Kat bèt vivan yo t'ap chante pou fè
lwanj moun ki chita sou fòtèy la, pou rann li onè, pou di l'
mèsi, li menm ki vivan pou tout tan an. Chak fwa yo pran
chante, (aiōn g165) 10 vennkat granmoun yo tonbe ajenou
fas atè devan moun ki chita sou fòtèy la, yo adore moun
ki vivan pou tout tan an. Yo jete kouwòn yo devan fòtèy la.
Yo di: (aiōn g165) 11 O Bondye, Mèt nou, ou merite pou ou
resevwa lwanj, respè ak pouvwa. Se ou menm ki fè tout
bagay. Si yo la, si yo gen lavi, se paske ou vle l'.

5 Apre sa, mwen wè yon liv nan men dwat moun ki te
chita sou fòtèy la. Liv la te gen fòm yon woulo papie, li
te ekri sou anndan ak sou deyò. Li te sele sèt kote. 2
Mwen wè yon zanj ki gen anpil fòs ki t'ap pale byen fò. Li
t'ap di: Ki moun ki ka kase sele yo pou louvri liv la? 3
Men, pa t' gen pesonn ni nan sièl la, ni sou tè a, ni anba
tè a ki te kapab louvri liv la pou wè sa ki te ladan li. 4
Mwen t'ap kriye anpil, paske pa t' gen pesonn ki te kapab
louvri liv la pou gade sa ki te ladan li. 5 Lè sa a, yonn nan
granmoun yo di mwen konsa: Pa kriye. Gade. Men lyon ki
soti nan fanmi Jida a, pitit pitit David la, ki te genyen batay
la. Li ka kase sèt sele yo pou louvri liv la. 6 Mwen wè yon
ti Mouton kanpe nan mitan fòtèy la, nan mitan kat bèt
vivan yo ak granmoun yo. Ti Mouton an te tankou yon
mouton yo te touye deja. Li te gen sèt kòn ak sèt je nan
tèt li: se te sèt Lespri Bondye te voye toupatou sou latè. 7
Ti Mouton an pwoche, li pran liv la nan men dwat moun ki
te chita sou fòtèy la. 8 Lè li pran liv la, kat bèt vivan yo
ansanm ak vennkat granmoun yo tonbe ajenou devan ti
Mouton an. Yo chak te gen nan men yo yon gita pou fè
mizik ak yon gode fèt an lò ki te plen lansan. Lansan an
se lapriyè moun Bondye yo. 9 Yo t'ap chante yon kantik
tou nèf ki pati konsa: Wi, ou merite vre, ou kapab pran
Liv la pou kase sele yo, paske yo te touye ou. Se konsa
ou bay san ou pou achte yon bann moun pou Bondye,
moun tout ras, tout lang, tout pèp, tout nasyon. 10 Ou fè
yo tounen yon sèl nasyon pou Wa a, yon bann prèt k'ap
sèvi Bondye nou an. Se yo ki va gouvènen sou latè a. 11
Mwen gade ankò, mwen tande vwa yon bann zanj: Yo te
tèlman anpil, moun pa t' kapab konte yo. Yo te kanpe fè
wonn kote fòtèy la te ye a ansanm ak bèt vivan yo ak
granmoun yo. 12 Zanj yo t'ap chante byen fò: Ti Mouton
yo te touye a merite vre pou yo ba l' pouvwa, richès, bon
konprann ak fòs, respè, onè ak lwanj. 13 Apre sa, mwen
tande tout kreyati Bondye yo nan sièl la, sou latè, anba
tè a, nan lanmè, yo tout yo t'ap chante: Lwanj, respè,
pouvwa, otorite pou Moun ki chita sou fòtèy la, ak pou
ti Mouton an pou tout tan. (aiōn g165) 14 Kat bèt vivan
yo t'ap reponn: Wi, se vre. Granmoun yo menm tonbe
ajenou, yo t'ap adore.

6 Apre sa mwen wè ti Mouton an kase yonn nan sèt
sele yo. Lè sa a, mwen tande yonn nan kat bèt vivan
yo pale, ou ta di yon kout loraj. Li di: Vini non! 2 Mwen
gade, mwen wè yon chwal blan. Moun ki te moute l' la te
kenbe yon banza nan men l'. Yo ba l' yon kouwòn met sou
tèt li. Li pati tankou yon moun ki fin genyen yon batay
men ki soti pou l' genyen ankò. 3 Apre sa, ti Mouton an
kase dezyèm sele a. Mwen tande dezyèm bèt vivan an ki
t'ap di: Vini non! 4 Lè sa a, yon lòt chwal koulè wouj soti.
Moun ki te moute l' la resevwa pouvwa pou l' mete lagè
toupatou sou latè, pou lèzòm ka yonn touye lòt. Yo ba l'
yon gwo nepe kenbe nan men li. 5 Apre sa, ti Mouton an
kase twazièm sele a. Mwen tande twazièm bèt vivan an ki
t'ap di: Vini non! Mwen gade, mwen wè yon chwal nwa.
Moun ki te moute l' la te kenbe yon balans nan men li. 6
Mwen tande yon vwa ki soti nan mitan kat bèt vivan yo ki
t'ap di: Yon mezi diri pou yon jounen travay. Twa mezi
pitimi pou yon jounen travay. Men, pa manyen ni lwil la ni
diven an. 7 Apre sa, ti Mouton an kase katriyèm sele a.
Mwen tande katriyèm bèt vivan an ki t'ap di: Vini non! 8
Mwen gade, mwen wè yon chwal koulè vèt. Moun ki te
moute l' la te rele lanmò. Moun ki kanpe pou kote mò yo
ye a t'ap mache dèyè li. Yo ba yo pouvwa sou yon ka
(1/4) latè a, pou yo touye moun ak nepe, ak grangou, ak
maladi, ak bèt nan bwa ki sou latè. (Hadēs g86) 9 Apre sa,
ti Mouton an kase senkièm sele a. Lè sa a, mwen wè
anba lotèl la nanm tout moun yo te touye paske yo t'ap fè
konnen Pawòl Bondye a, paske yo t'ap di verite a jan l'
ye a. 10 Yo t'ap rele byen fò: O Mèt, ou menm ki sen,
ou menm ki verite a, konbe tan ou gen pou tann ankò
anvan pou ou vini jije moun ki rete sou latè a, pou ou vin
peni yo paske yo te touye nou? 11 Yo ba yo chak yon rad
blan mete sou yo. Apre sa, yo mande yo pran pasians
pou yon ti tan ankò, jouk kantite frè ak kanmarad sèvis ki
gen pou mouri tankou yo a fin kont. 12 Apre sa, mwen
wè ti Mouton an kase sizièm sele a. Lè sa a, yon gwo
tranblemanntè fèt, sòlèy la vin tou nwa, tankou yon gwo
moso twal nwa byen pwès. Lalin lan menm te vin tou wouj
tankou san. 13 Zetwal yo menm t'ap sot nan sièl la tonbe
sou latè, tankou fig frans tou vèt k'ap tonbe lè gwo van
ap souke pie fig la. 14 Sièl la disparèt nèt tankou yon

woulo papie yo vlope. Yo rache tout mòn yo ak tout zile
yo, yo mete yo yon lòt kote. 15 Tout wa sou latè, chèf,
kòmandan, moun rich, grannèg ansanm ak tout lòt moun,
kit yo esklav, kit yo lib, yo tout al kache nan twou wòch ak
dèyè gwo wòch nan mòn yo. 16 Yo t'ap pale ak mòn yo
ansanm ak wòch yo tankou ak moun. Yo t'ap di yo: Tonbe
sou nou. Kache nou pou moun ki chita sou fòtèy la pa wè
nou, pou kòlè ti Mouton an pa tonbe sou nou. 17 Paske,
gwo jou kòlè a rive. Ki moun ki ka kenbe tèt avèk li?

7 Apre sa, mwen wè kat zanj kanpe nan kat kwen latè a.
Yo t'ap kenbe kat van yo pou okenn van pa t' soufle ni
sou tè, ni sou lanmè, ni sou okenn piebwa. 2 Lè sa a,
mwen wè yon lòt zanj ki moute soti bò kote solèy leve a.
Li te gen nan men l' letanp Bondye vivan an. Li rele byen
fò, li pale ak kat zanj yo ki te resevwa pouvwa pou ravaje
tè a ak lanmè a, li di yo: 3 Poko fè ni tè a, ni lanmè a,
ni piebwa yo okenn donmaj. Tann nou fin make sèvitè
Bondye yo ak letanp lan sou fwon yo. 4 Apre sa, yo di m'
kantite moun ki te make ak letanp Bondye a sou fwon yo.
Te gen antou sankarannkatmil (144.000) nan tout branch
ras pèp Izrayèl la. 5 Te gen douzmil (12.000) nan branch
Jida a ki te make ak letanp lan, douzmil nan branch
Woubenn lan, douzmil nan branch Gad la, 6 douzmil nan
branch Asè a, douzmil nan branch Nèftali a, douzmil nan
branch Manase a, 7 douzmil nan branch Simeyon an,
douzmil nan branch Levi a, douzmil nan branch Isaka a, 8
douzmil nan branch Zabilon an, douzmil nan branch Jozèf
la, douzmil nan branch Benjamen an. 9 Apre sa, mwen
gade ankò, mwen wè yon gwo foul moun. Pesonn pa t'
kapab konte kantite ki te gen ladan li. Se te moun tout lòt
nasyon, tout kalite ras, pèp tout peyi ak tout lang. Yo te
kanpe la devan fòtèy la ak devan ti Mouton an. Yo te gen
rad tou blan sou yo, yo te gen fèy palmis nan men yo. 10
Yo t'ap rele byen fò, yo t'ap di: Se Bondye nou an ki chita
sou fòtèy la. Se li menm ansanm ak ti Mouton an ki vin
delivre nou. 11 Tout zanj yo kanpe, yo fè yon wonn, yo
mete fòtèy la, granmoun yo ak kat bèt vivan yo nan mitan
yo. Yo lage kò yo atè devan fòtèy la, yo bese tèt yo byen
ba pou adore Bondye, 12 yo t'ap di: Se vre wi. Lwanj,
onè, bon konprann, rekonesans, respè, pouvwa ak fòs,
tou sa pou Bondye nou an pou tout tan. Amèn. **(aiōn g165)**
13 Apre sa, yonn nan granmoun yo mande mwen: Moun
sa yo ki gen rad tou blan sou yo a, ki moun yo ye? Ki bò
yo soti? 14 Mwen reponn li: Se ou menm ki konnen wi,
mèt mwen. Lè sa a, li di mwen: Se moun ki pase anba
gwo pèsekisyon an. Yo lave rad yo, yo blanchi yo nan san
ti Mouton an. 15 Se poutèt sa, yo kanpe la devan fòtèy
Bondye a, lajounen kou lannwit y'ap sèvi nan tanp li a.
Moun ki chita sou fòtèy la ap toujou la pou pwoteje yo. 16
Yo p'ap janm grangou, yo p'ap janm swaf dlo. Ni solèy, ni
okenn lòt gwo chalè p'ap kapab boule yo. 17 Paske, ti
Mouton ki nan mitan fòtèy la va tankou yon gadò pou
yo. La mennen yo bò sous dlo ki bay lavi a. Se Bondye
menm ki va siye dlo nan je yo.

8 Lè ti Mouton an kase setièm sele a, pandan yon demi
(1/2) lè de tan, ou pa t' tande okenn bri nan sièl la. 2
Apre sa, mwen wè sèt zanj ki te kanpe devan Bondye. Yo
ba yo sèt klewon. 3 Yon lòt zanj vin kanpe toupre lotèl la,
li te gen yon lansanswa an lò nan men li. Yo ba l' anpil
lansan pou l' te ofri bay Bondye ansanm ak lapriyè pèp
Bondye a, sou lotèl an lò ki te devan fòtèy la. 4 Lafimen
lansan li t'ap boule a pran moute nan men zanj ki te devan
Bondye a, ansanm ak lapriyè pèp Bondye a. 5 Apre sa,
zanj lan pran lansanswa a, li plen l' ak dife ki te sou lotèl
la, li jete l' sou latè. Lè sa a, te gen kout loraj, zèklè, divès
kalite bri ak tranblemanntè. 6 Sèt zanj ki te gen sèt klewon
yo pare kò yo pou yo kònen. 7 Premie zanj lan kònen
klewon l' lan. Lagrèl, dife mele ak san tonbe sou latè. Yon
tiè (1/3) nan latè ak yon tiè nan piebwa yo boule ansanm
ak tout zèb vèt yo. 8 Apre sa, dezyèm zanj lan kònen
klewon l' lan. Menm lè a, yo jete yon bagay tankou yon
gwo mòn k'ap boule nan lanmè a. Yon tiè (1/3) dlo lanmè
a tounen san. 9 Yon tiè nan tout bèt vivan nan lanmè a
mouri. Yon tiè nan batiman ki sou lanmè a peri. 10 Apre
sa, twazièm zanj lan kònen klewon l' lan. Yon gwo zetwal
ki t'ap boule tankou yon bwa chandèl tonbe soti nan sièl
la. Li tonbe sou yon tiè nan tout larivyè ak sous dlo yo. 11
Yo te rele zetwal sa a: Lapsent. Yon tiè nan tout dlo yo vin
anmè kou fièl. Anpil moun ki te bwè dlo sa a te mouri,
paske dlo a te vin anmè. 12 Apre sa, katriyèm zanj lan
kònen klewon l' lan. Yon tiè (1/3) nan solèy la, yon tiè nan
lalin lan, ak yon tiè nan zetwal yo domaje. Konsa, yo tout
yo pèdi yon tiè nan limiè yo konn bay la. Pandan yon tiè
lajounen an te fè nwa kou lank. Konsa tou, pandan yon tiè
lannwit lan te fè tou nwa. 13 Mwen gade ankò, mwen
tande yon gwo malfini ki t'ap vole byen wo nan sièl la. Li
t'ap pale byen fò, li t'ap di: Ala de malè! Sa pral rèd nèt
pou moun ki sou latè a, lè kout klewon twa lòt zanj yo va
kònen.

9 Apre sa, senkièm zanj lan kònen klewon l' lan. Mwen
wè yon zetwal soti nan sièl la tonbe sou latè. Yo ba l'
kle pou louvri pi ki mennen desann nan gwo twou san fon
an. **(Abyssos g12)** 2 Zetwal la louvri pi ki mennen nan gwo
twou san fon an. Yon gwo lafimen soti ladan l', tankou
lafimen yon gwo fou k'ap boule. Lafimen ki t'ap soti nan pi
a bouche solèy la. Sièl la vin tou nwa. **(Abyssos g12)** 3 Yon
bann krikèt vèt soti nan lafimen an, yo mache ale toupatou
sou latè. Yo te ba yo menm pouvwa ak eskòpyon. 4 Yo te
di yo pou yo pa t' fè malè sou okenn zèb, ni sou okenn
piebwa ni sou okenn lòt plant. Se sou moun sèlman pou
yo te fè malè. Epi se pa sou tout moun non, sèlman sou
moun ki pa t' pote mak letanp Bondye a sou fwon yo. 5
Krikèt yo pa t' gen dwa touye moun sa yo. Men, pandan
senk mwa yo te gen dwa fè yo soufri. Krikèt yo fè moun
yo soufri tankou si se eskòpyon ki te mòde yo. 6 Pandan
senk mwa sa yo, moun va chache lanmò, men yo p'ap
jwenn lanmò. Y'a anvi mouri, men lanmò va pase lwen
yo. 7 Krikèt yo te sanble ak chwal ki pare pou al nan
batay. Sou tèt yo chak te gen yon bagay ki sanble ak yon

kouwòn lò. Figi yo menm te tankou figi moun. 8 Yo te gen
cheve sou tèt yo tankou cheve fi. Dan yo menm te tankou
dan lyon. 9 Sou lestonmak yo, yo te gen yon plak an fè
pou pwoteje yo. Lè yo bat zèl yo, yo fè bri tankou yon
bann kabwèt chwal ki pral nan batay. 10 Yo gen menm ke
ak eskòpyon, ak yon pikan nan pwent ke a. Se avèk ke
yo yo te gen pouvwa fè moun mechanste pandan senk
mwa. 11 Yo te gen yon wa alatèt yo. Se zanj gwo twou
san fon an. Nan lang ebre yo rele l': Abadon. Nan lang
grèk yo rele l': Apolyon, ki vle di: moun k'ap krase brize a.
(Abyssos g12) 12 Premie malè a te pase. Te gen de (2) lòt
malè ankò ki te gen pou vini apre sa. 13 Lè sa a, sizièm
zanj lan kònen klewon l' lan. Mwen tande yon vwa ki t'ap
soti nan kat kwen lotèl an lò ki te devan Bondye a. 14
Vwa a pale ak sizièm zanj ki te kenbe klewon an. Li di li
konsa: Lage kat zanj ki mare nan chenn bò gwo larivyè
Lefrat la. 15 Yo lage kat zanj yo. Yo te pare yo pou sa
menm, pou lè sa a, pou jou sa a, nan mwa sa a, nan
lanne sa a, pou yo te ka touye yon moun sou chak twa
moun ki sou latè. 16 Yo di m' kantite sòlda sou chwal ki te
genyen: Te gen desan milyon (200.000.000). 17 Men ki
jan mwen te wè chwal yo ak kavalie yo nan vizyon an:
Kavalie yo te gen yon kalite chemiz an fè pou pwoteje
lestonmak yo. Chemiz yo te wouj kou dife, ble kou digo,
jòn kou safran. Tèt chwal yo menm te tankou tèt lyon. Dife
ansanm ak lafimen epi souf t'ap soti nan bouch yo. 18
Twa bagay sa yo ki t'ap soti nan bouch chwal yo, se te
twa kalamite ki te touye yon moun sou chak twa moun
sou latè. 19 Paske se nan bouch yo chwal yo te gen tout
pouvwa sa a ansanm ak nan ke yo. Baton ke yo menm te
sanble ak sèpan: yo te gen yon tèt pou yo te fè moun
mechanste. 20 Malgre sa, rès moun sou latè yo, sa ki pa
t' mouri anba kalamite sa yo, pa t' sispann adore Satan ak
zidòl fèt an lò, an ajan, an bwonz, an wòch oswa an bwa,
zidòl ki pa ka wè, ki pa ka tande, ki pa ka mache. 21 Wi,
atousa, moun sa yo pa t' chanje jan yo t'ap viv la, yo pa t'
sispann touye moun, fè maji, lage kò yo nan imoralite ak
vòlò zafè moun.

10 Apre sa, mwen wè yon lòt zanj ki te gwonèg anpil
desann soti nan sièl la. Li te vlope nan yon gwo
nwaj ak yon lakansièl kouwonnen tout tèt li. Figi l' te
tankou solèy la. De janm li yo te tankou de gwo flanm
dife. 2 Li te kenbe yon ti liv louvri nan men li. Li mete pie
dwat li sou lanmè, pie gòch li sou tè fèm. 3 Li pran rele
byen fò tankou yon lyon k'ap gwonde. Lè li fin rele, sèt
loraj yo pran gwonde reponn li. 4 Fini yo fin pale, mwen
tapral ekri sa yo te di a, lè m' tande yon vwa nan sièl la ki
di m' konsa: Sa sèt loraj yo sot di a, se yon sekrè pou ou
kenbe. Pa ekri li. 5 Apre sa, zanj mwen te wè kanpe sou
lanmè ak sou tè fèm lan leve men dwat li nan sièl. 6 Li fè
sèman sou non Bondye k'ap viv pou tout tan an, Bondye
ki fè sièl la ak tou sa ki ladan l', tè a ak tou sa ki ladan li,
ansanm ak lanmè a ak tou sa ki ladan li. Zanj lan di: Yo
p'ap bay dèle ankò. (aiōn g165) 7 Men lè setièm zanj lan
va pran kònen klewon l' lan, Bondye pral fè sa li gen pou l'
fè dapre plan travay li te kenbe sere nan tèt li a, jan l' te fè
pwofèt ki t'ap sèvi l' yo konn sa. 8 Apre sa, vwa mwen te
tande sot nan sièl la pran pale avè m' ankò. Li di mwen
konsa: Ale pran ti liv ki louvri nan men zanj ki kanpe sou
lanmè ak sou tè fèm lan. 9 Mwen pwoche bò kote zanj
lan. Mwen mande l' pou l' ban m' ti liv la. Li di mwen
konsa. Men li, pran l', manje li. L'ap gen yon gou anmè
nan lestonmak ou. Men, nan bouch ou l'ap dous tankou
siwo myèl. 10 Mwen pran ti liv la nan men li. Mwen manje
l', li te dous tankou siwo myèl nan bouch mwen. Men, lè
m' vale l', li te anmè kou fièl nan lestonmak mwen. 11
Apre sa, yo di mwen: Se pou ou fè konnen mesaj Bondye
a ankò, mesaj ki pale sou anpil pèp, anpil nasyon, anpil
lang ak anpil wa.

11 Apre sa, yo ban m' yon baton wozo ki sèvi pou pran
mezi. Yo di mwen konsa: Leve. Ale pran mezi kay
Bondye a ansanm ak lotèl la. Konte konbe moun k'ap
adore nan tanp lan. 2 Men, pa okipe gwo lakou ki dèyè
tanp lan, pa mezire li. Paske se pou etranje yo li ye, yo
menm ki gen pou foule lavil Bondye a anba pie yo pandan
karannde mwa. 3 M'ap voye de temwen m' yo ak rad sak
sou yo, pou yo fè konnen mesaj Bondye a pandan mil
desanswasant (1.260) jou. 4 De temwen yo se de pie oliv
ak de lanp ki kanpe la devan Mèt tout latè a. 5 Si yon
moun chache fè yo mal, dife ap soti nan bouch yo, l'ap
detwi tout lènmi yo. Se konsa moun k'ap chache fè yo mal
gen pou mouri. 6 Yo gen pouvwa fèmen sièl la pou okenn
lapli pa tonbe lè y'ap fè konnen mesaj Bondye a. Yo gen
pouvwa tou pou yo fè dlo tounen san. Yo gen pouvwa
pou yo fè tout kalite kalamite tonbe sou latè, kantite fwa
y'a vle li. 7 Lè y'a fin di sa yo gen pou di a, bèt ki soti
nan gwo twou san fon an va mare batay ak yo. La kraze
yo, la touye yo. (Abyssos g12) 8 Kadav yo va rete nan
mitan lari gwo lavil la, kote yo te kloure Seyè a sou kwa a.
Lè sa a, y'a chanje non lavil la. Y'a rele l' Sodòm osinon
Lejip. 9 Moun tout kalite ras ki soti nan tout peyi ak nan
tout nasyon ki pale tout lang, va rete la ap gade kadav
yo pandan twa jou ak yon demi (1/2) jounen. Yo p'ap
kite moun antere yo. 10 Tout moun ki rete sou latè pral
kontan lè y'a tande de mesie yo mouri. Y'a fè fèt, y'a voye
kado yonn bay lòt, paske se pa ti toumante de pwofèt sa
yo pa t' toumante moun ki rete sou latè. 11 Nan mitan
katriyèm jou a, Bondye te soufle sou yo pou l' ba yo lavi.
Souf Bondye a antre nan yo: yo leve vivan ankò. Tout
moun ki te wè yo te pè anpil. 12 Lè sa a, de pwofèt yo
tande yon vwa soti nan sièl la ki t'ap pale byen fò ak yo, li
t'ap di yo: Moute bò isit. Yo moute nan sièl la sou yon
nwaj devan tout lènmi ki t'ap gade yo. 13 Menm lè a,
yon gwo tranblemanntè fèt. Yon kay sou chak dis kay
nan lavil la tonbe kraze. Sètmil (7.000) moun mouri nan
tranblemanntè sa a. Lòt moun yo menm te pè anpil, yo
t'ap fè lwanj Bondye ki nan sièl la. 14 Konsa, dezyèm
malè a te pase! Men, atansyon, twazièm lan pral vini talè
konsa. 15 Apre sa, setièm zanj lan kònen klewon l' lan.
Mwen tande vwa yon bann moun ki t'ap pale byen fò nan

sièl la. Yo t'ap di: Pouvwa pou gouvènen sou latè a, koulye
a se nan men Mèt nou an ak nan men Kris li a sa ye. L'ap
gouvènen pou tout tan. **(aiōn g165)** **16** Vennkat granmoun
yo ki te chita sou fòtèy yo devan Bondye tonbe atè, fwon
yo touche tè, yo adore Bondye. **17** Yo t'ap di: O Mèt,
Bondye ki gen tout pouvwa, ou menm ki la epi ki te toujou
la, n'ap di ou mèsi dèske ou sèvi ak gwo pouvwa ou la,
pou ou pran gouvènman an nan men ou. **18** Nasyon yo te
move anpil, paske lè a rive, ou pral fè wè kòlè ou. Tout
moun mouri yo pral pase anba jijman. Lè a rive, ou pral
bay pwofèt yo, sèvitè ou yo, rekonpans yo, ansanm ak
tout moun ki pou ou yo epi ki gen krentif pou ou, piti kou
gran. Wi, lè a rive pou ou detwi moun k'ap detwi latè a! **19**
Lè sa a, pòt tanp Bondye nan sièl la louvri byen gran. Yo
te ka wè bwat ki te gen kontra Bondye a anndan tanp lan.
Zèklè pran klere, kout loraj pran gwonde, moun tande tout
kalite bri. Tè a tranble, lagrèl t'ap tonbe an kantite.

12 Yon gwo siy parèt nan sièl la: se te yon fanm ki te
vlope nan solèy la tankou nan yon rad. Lalin lan te
anba pie li. Li te gen douz zetwal kouwonnen tèt li. **2**
Li te prèt pou l' te akouche: soufrans ak doulè tranche
t'ap fè l' rele. **3** Yon lòt siy te parèt nan sièl la tou: se te
yon gwo dragon wouj. Li te gen sèt tèt ak dis kòn, ak yon
kouwòn sou chak tèt li yo. **4** Sou chak twa zetwal ki nan
sièl la, li pran yonn li rache l' ak ke l', li voye l' jete sou
latè. Li te kanpe la devan fanm ki tapral akouche a, pou l'
te ka devore ti pitit la kou l' fèt. **5** Fanm lan fè yon ti pitit
gason ki gen pou gouvènen tout nasyon yo ak yon baton
fè. Men, yo pran ti pitit la, yo mennen l' bò kot Bondye,
bò kot fòtèy la. **6** Fanm lan menm kouri ale nan dezè
a, kote Bondye te pare yon plas pou yo te ba l' manje
pandan mildesanswasant (1.260) jou. **7** Lè sa a, yon sèl
batay pete nan sièl la: Michèl ak zanj li yo pran goumen
ak dragon an. Dragon an menm te gen zanj pa l' yo avè l'
pou goumen ak Michèl. **8** Men, dragon an pèdi batay
la, yo pa ba l' dwa rete nan sièl la ankò, ni li menm, ni
zanj li yo. **9** Yo jete gwo dragon an deyò. Se li menm,
sèpan ki la depi lontan an, li menm yo rele diab la osinon
Satan, k'ap plede twonpe tout moun. Yo voye l' jete sou
latè ansanm ak tout zanj li yo. **10** Apre sa, mwen tande
yon gwo vwa nan sièl la ki t'ap di: Koulye a, Bondye pral
vin delivre nou. Koulye a Bondye fè wè li gen pouvwa, se
li ki sèl Mèt! Koulye a, Kris li a fè wè otorite li. Paske,
moun ki t'ap plede akize frè nou yo, moun ki te kanpe la
devan Bondye, lajounen kou lannwit, ap pote plent pou
yo a, yo mete l' deyò nan sièl la. **11** Frè nou yo goumen
ak li jouk yo gen batay la, gremesi san ti Mouton an ki
te koule ak verite yo t'ap pibliye a: yo pa t' renmen lavi
yo jouk pou yo ta pè lanmò. **12** Se poutèt sa, fè kè n'
kontan, nou menm sièl ak tout moun ki rete nan sièl la.
Men, malè pou latè ak lanmè, paske Satan desann sou
nou. Li move anpil, paske li konnen pa rete l' anpil tan
ankò. **13** Lè dragon an wè se tout bon yo te jete l' sou
latè, li pran kouri dèyè fanm ki te fè pitit gason an. **14**
Men, yo bay fanm lan de gwo zèl malfini pou l' te ka vole
ale nan plas li nan dezè a, byen lwen sèpan an. Se la yo
ba l' manje pandan twazan sis mwa. **15** Lè sa a, sèpan an
louvri bouch li, li konmanse vonmi dlo. Dlo a fè yon gwo
larivyè ki kouri dèyè fanm lan pou pote l' ale. **16** Men,
latè vin bay fanm lan konkou, li louvri bouch li, li vale tout
dlo ki t'ap soti nan bouch dragon an. **17** (17-18) Se pa
ti move dragon an te move sou fanm lan. li al goumen
avèk lòt pitit fanm lan, sa vle di ak tout moun k'ap obeyi
kòmandman Bondye yo, k'ap kenbe fèm nan verite Jezi te
fè nou konnen an. Apre sa, dragon an kanpe bò lanmè a.

13 Apre sa, mwen wè yon bèt ki t'ap soti nan lanmè
a, li te gen dis kòn ak sèt tèt. Li te gen yon kouwòn
sou chak kòn. Li te gen make sou chak tèt li yo yon non ki
te yon gwo jouman pou Bondye. **2** Bèt mwen te wè a te
sanble ak yon gwo chat tou jòn ak tach nwa sou tout kò li.
pa t' li yo te plat tankou pa t' yon lous, bouch li te tankou
bouch lyon. Dragon an ba li pouvwa li, li ba li plas chèf li
te genyen an ansanm ak gwo pouvwa li t'ap egzèse a. **3**
Yonn nan sèt tèt yo te resevwa yon blese ki te manke
touye li. Men, blese a te geri. Tout moun te sezi wè sa,
yo pran swiv bèt la. **4** Tout moun pran adore dragon an
paske li te bay bèt la pouvwa li. Yo adore bèt la tou, yo
t'ap di: Kilès ki tankou bèt la? Kilès ki ka goumen avè li?
5 Bèt la te resevwa pouvwa pou l' te di tout kalite pawòl
awogan pou joure Bondye. Yo ba l' pouvwa fè sa l' vle
pandan karannde mwa. **6** Bèt la pran pale Bondye mal, li
pase non Bondye nan betiz ansanm ak kote Bondye rete
a, ak tout moun ki rete nan sièl la. **7** Yo ba l' pouvwa pou
l' fè lagè ak tout moun k'ap sèvi Bondye yo, jouk pou l' te
genyen batay la. Yo ba l' pouvwa sou moun tout ras, tout
peyi, tout lang ak tout nasyon. **8** Tout moun sou latè pral
adore l', sa vle di tout moun ki pa t' gen non yo ekri nan liv
ki gen non moun ki gen lavi a depi lè Bondye t'ap kreye
tout bagay la, liv ki pou ti Mouton yo te touye a. **9** Koute
byen wi, si nou gen zòrèy pou tande! **10** Moun ki la pou al
nan prizon pral nan prizon. Moun ki la pou mouri anba
kout nepe pral mouri anba kout nepe. Se poutèt sa, se
pou moun Bondye yo gen anpil pasians ak konfians nan
Bondye. **11** Apre sa, mwen wè yon lòt bèt ki soti anba tè
a. Li te gen de kòn tankou kòn mouton, li t'ap pale tankou
yon dragon. **12** Li pran tout pouvwa premie bèt la pou l' te
kòmande devan je li. Li fòse latè ak tout moun ki sou latè
pou yo adore premie bèt ki te blese amò men ki te geri a.
13 Dezyèm bèt la t'ap fè anpil gwo mirak, li fè dife soti nan
sièl la desann sou latè devan tout moun. **14** Moun ki rete
sou latè yo te pèdi tèt yo lè yo wè mirak yo te ba l' dwa fè
devan je premie bèt la. Li mande yo pou yo fè yon estati
bèt ki te blese amò ak kout nepe a men ki te byen vivan
an. **15** Dezyèm bèt la resevwa pouvwa pou l' te fè estati
premie bèt la tounen vivan. Konsa, estati a ka pale, li ka
touye moun ki pa adore li. **16** Bèt la te egzije pou tout
moun, piti kou gran, rich kou pòv, esklav kou lib, pou yo te
resevwa yon mak sou men dwat yo osinon sou fwon yo.
17 Pesonn pa t' kapab ni achte ni vann anyen si li pa t'

gen mak sa a, sa vle di si l' pa t' gen non bèt la osinon
nimewo ki koresponn ak non l' lan. 18 Bagay sa a mande
anpil bon konprann. Moun ki gen konprann ka resoud
pwoblèm nimewo bèt la. Nimewo sa a se non yon moun li
ye. Men nimewo a: sisanswasannsis (666).

14 Apre sa mwen gade, mwen wè ti Mouton an kanpe
sou mòn Siyon an. Li te gen sankarannkatmil
(144.000) moun avèk li. Yo tout te gen non l' ansanm ak
non Papa a ekri sou fwon yo. 2 Mwen tande yon vwa ki
soti nan sièl la: se te tankou bri yon gwo dlo k'ap tonbe
nan yon kaskad, ou ankò yon gwo kout loraj. Vwa mwen
tande a te tankou yon mizik lè anpil moun ap jwe gita. 3
Tout sankarannkatmil moun yo te kanpe la devan fòtèy la,
devan kat bèt vivan yo ansanm ak granmoun yo. Yo t'ap
chante yon kantik tou nèf. Pesonn pa t' kapab aprann
chante sa a, apa sankarannkatmil (144.000) moun sa yo ki
te delivre pami moun ki sou latè. 4 Moun sa yo, se moun
ki pa t' fè sa ki mal ak fanm, yo te rete nan kondisyon
pou fè sèvis Bondye. Y'ap mache dèyè ti Mouton an kote
l' pase. Nan tout moun ki sou latè a se yo ki te delivre.
Yo se premie moun yo te ofri bay Bondye ansanm ak ti
Mouton an. 5 Manti pa t' janm soti nan bouch yo, yo san
repwòch. 6 Lè sa a, mwen wè yon lòt zanj ki t'ap vole
byen wo nan sièl la. Li te gen yon bon nouvèl pou l' te bay
tout moun ki rete sou latè, bon nouvèl ki la pou tout tan
an pou moun tout nasyon, tout ras, tout lang, tout peyi.
(aiōnios g166) 7 Li t'ap pale byen fò, li t'ap di: Gen krentif
pou Bondye, fè lwanj li! Paske lè a rive, l'ap vin jije lèzòm.
Adore moun ki fè sièl la, tè a, lanmè a ak tout sous dlo yo.
8 Yon dezyèm zanj t'ap swiv premie a, li t'ap di: Li tonbe!
Gwo lavil Babilòn lan tonbe! Li te fè moun tout nasyon yo
bwè nan diven l' lan ki fò anpil, li fè yo bwè diven gwo
imoralite li a. 9 Yon twazièm zanj t'ap swiv de premie
yo. Li t'ap pale byen fò, li t'ap di: Moun ki adore bèt la
ansanm ak estati li a, moun ki resevwa mak bèt la sou
fwon yo osinon sou men yo, 10 moun sa yo va bwè diven
Bondye a tou, diven kòlè Bondye a, diven san melanj
Bondye vide nan gode kòlè li a. Tout moun sa yo pral
soufri nan dife ak souf devan zanj Bondye yo ak ti Mouton
an. 11 Lafimen dife k'ap fè yo soufri a ap moute tout tan
san rete. Moun ki adore bèt la ak estati li a, ansanm ak
tout moun ki resevwa mak non li a, yo yonn p'ap gen repo
lajounen kou lannwit. **(aiōn g165)** 12 Se poutèt sa, se pou
pèp Bondye a, moun k'ap obeyi kòmandman Bondye yo,
moun k'ap kenbe konfians yo fèm nan Jezi a gen anpil
pasians. 13 Apre sa mwen tande yon vwa nan sièl la ki
di mwen: Men, ekri sa: benediksyon pou tout moun ki
depi koulye a mouri nan sèvis Seyè a. Lespri Bondye a
reponn, li di: Wi, benediksyon pou yo. Yo pral poze kò yo
apre yo fin travay di. Travay yo fè a pral mache ak yo. 14
Apre sa, mwen gade ankò, mwen wè yon nwaj tou blan.
Yon moun ki sanble ak yon gason te chita anwo nwaj la.
Li te gen yon kouwòn lò sou tèt li ak yon kouto digo byen
file nan men li. 15 Yon lòt zanj soti nan tanp lan, li pran
pale ak moun ki te chita sou tèt nwaj la. Li di l' byen fò:
Pran kouto digo ou la, sèvi avè l' pou ranmase rekòt la.
Paske, sezon rekòt la rive. Latè pare pou rekòt la. 16 Lè
sa a, moun ki te chita anwo nwaj la pase kouto digo l' la
sou latè. Menm lè a, tout rekòt la fèt sou latè. 17 Yon lòt
zanj soti nan tanp ki nan sièl la. Li menm tou li te gen yon
kouto digo byen file nan men l'. 18 Yon lòt zanj ankò soti
bò lotèl la, li menm li te gen pouvwa sou dife. Li pale ak
zanj ki te gen kouto digo file a, li di l' byen fò: Pran kouto
digo ou la, sèvi avè l' pou koupe tout grap rezen ki sou tè
a, paske rezen yo mi. 19 Lè sa a, zanj lan pase kouto
digo l' la sou latè, li koupe tout grap rezen ki sou latè a, li
jete yo nan moulen rezen an kote kòlè Bondye a ap kraze
yo. 20 Yo kraze tout rezen yo nan moulen andeyò lavil la.
San t'ap koule soti nan moulen an tankou dlo larivyè, li
kouvri yon distans twasan (300) kilomèt konsa, li moute, li
rive wotè bouch chwal yo.

15 Apre sa, mwen wè yon lòt siy nan sièl la, yon gwo
siy ki pou fè moun sezi: sèt zanj ki te kenbe sèt
kalamite. Se te sèt dènye kalamite yo. Apre yo, Bondye
ap sispann fè kòlè. 2 Apre sa, mwen wè yon bagay ki te
tankou yon lanmè fèt an kristal mele ak dife. Mwen wè
tou moun ki te genyen nan batay yo t'ap mennen kont
bèt la, kont estati l' la, kont moun ki gen yon nimewo ki
koresponn ak non l' lan. Yo tout yo te kanpe bò lanmè
kristal la, yo te gen nan men yo gita Bondye te ba yo a. 3
Yo t'ap chante chante Moyiz, sèvitè Bondye a, ansanm ak
chante ti Mouton an Bondye, Mèt ki gen tout pouvwa, tou
sa ou fè, se bèl bagay! Ou menm ki wa tout nasyon, plan
travay ou yo dwat, se verite yo ye. 4 Ki moun ki pa ta gen
krentif pou ou, Mèt? Ki moun ki pou ta refize fè lwanj ou?
Se ou menm sèl ki sen. Tout nasyon yo gen pou vini pou
yo bese tèt yo devan ou, pou yo adore ou. Paske, yo wè
aklè sa ou fè se bagay ki dwat. 5 Apre sa, mwen wè kote
ki apa pou Bondye nan tanp ki nan sièl la louvri. 6 Sèt
zanj ki te kenbe sèt kalamite yo soti nan tanp la. Yo te
abiye ak yon bèl twal blan byen fin ki te klere anpil. Yo te
gen sentiwon an lò mare sou lestonmak yo. 7 Yonn nan
kat bèt vivan yo bay sèt zanj yo sèt gode fèt an lò ki te
plen ak kòlè Bondye ki vivan pou tout tan an. **(aiōn g165)** 8
Lafimen ki t'ap soti nan gwo limiè prezans ak nan pouvwa
Bondye a te plen tanp lan nèt. Pesonn pa t' kapab antre
nan tanp lan toutotan sèt kalamite ki te nan men zanj yo
pa t' ankò pase.

16 Apre sa, mwen tande yon vwa ki t'ap soti nan tanp
lan. Li t'ap pale ak sèt zanj yo, li t'ap di yo byen fò:
Ale vide sèt gode kòlè Bondye a sou latè. 2 Premie zanj
lan pati, li vide gode pa l' la sou latè. Menm lè a, moun ki
te gen mak bèt la sou yo, moun ki t'ap adore estati l' la, yo
tout te kouvri ak move malenng ki t'ap fè yo soufri anpil.
3 Dezyèm zanj lan vide gode pa l' la sou lanmè. Dlo a
tounen tankou san moun mouri. Tout bèt vivan ki te nan
lanmè a mouri. 4 Twazièm zanj lan vide gode pa l' la nan
tout gwo larivyè ak nan sous dlo yo, li fè yo tounen san. 5
Mwen tande zanj ki te gen otorite sou dlo yo di: Ou gen

rezon fè jijman sa a konsa, ou menm ki sen an, ou menm
ki la, ki te toujou la. 6 Paske moun sa yo te fè san pèp
Bondye a ak san pwofèt yo koule. Koulye a ou ba yo san
pou yo bwè. Yo jwenn sa yo merite a. 7 Apre sa, mwen
tande yon vwa ki soti nan lotèl la ki t'ap di: Wi, Bondye,
Mèt ki gen tout pouvwa a, ou jije dapre laverite san patipri.
8 Katriyèm zanj lan vide gode pa l' la sou solèy la. Sa te
bay solèy la pouvwa pou l' te boule moun ak dife l' la. 9
Yon gwo chalè t'ap boule moun. Moun menm pran joure
Bondye ki te gen pouvwa sou tout kalamite sa yo. Men,
atousa, yo te refize sispann fè peche pou yo te fè lwanj
Bondye. 10 Senkièm zanj lan vide gode pa l' la sou fòtèy
bèt ki te wa a. Tout peyi bèt la tonbe nan fènwa. Moun
t'ap mòde lang yo tèlman yo t'ap soufri. 11 Yo t'ap joure
Bondye nan sièl la poutèt doulè ak malenng yo t'ap soufri
yo. Men, yo pa t' sispann fè mal yo t'ap fè a. 12 Sizièm
zanj lan vide gode pa l' la nan gwo larivyè Lefrat la. Riviè
a cheche pou l' te ka kite wa ki soti bò kote solèy leve yo
pase. 13 Apre sa, mwen wè twa move lespri ki t'ap soti
yonn nan bouch dragon an, yonn nan bouch bèt la, yonn
nan bouch fo pwofèt la. Yo te tankou krapo. 14 Se te twa
move lespri ki t'ap fè gwo mirak. Yo pral sanble deniè wa
ki sou latè pou batay ki pral fèt nan gwo jou Bondye ki
gen tout pouvwa a. 15 Koute, m'ap vini tankou yon vòlè.
Benediksyon pou moun ki pa kite dòmi pran yo, ki kenbe
tout rad yo sou yo pou yo pa mache toutouni, pou yo pa
wont moun wè yo konsa! 16 Lespri yo sanble tout wa yo
yon kote yo rele nan lang ebre a: Amagedon. 17 Setièm
zanj lan vide gode pa l' la nan lè a. Yon gwo vwa pran
pale nan tanp lan. Li t'ap soti bò fòtèy la, li t'ap di: Bon!
Tout bagay fini koulye a! 18 Lè sa a zèklè pran fè yan,
loraj t'ap gwonde nan sièl la, ansanm ak yon bann lòt bri
ankò. Tè a menm pran tranble byen fò. Se pa t' yon ti
tranblemanntè. Depi gen moun sou latè, yo pa t' janm wè
tè a tranble konsa. 19 Gwo lavil la fè twa moso. Lavil
nan tout lòt peyi yo tonbe kraze. Bondye te chonje gwo
lavil Babilòn lan, li fè l' bwè diven ki nan gode l' la, diven
gwo kòlè l' la. 20 Tout zile yo disparèt, pa t' gen mòn sou
latè ankò. 21 De gwo grenn lagrèl ki pese san (100) liv
konsa soti nan sièl la tonbe sou moun. Moun menm t'ap
joure Bondye poutèt kalamite lagrèl la, paske se te yon
kalamite ki te terib anpil.

17 Lè sa a, yonn nan sèt zanj ki te kenbe sèt gode yo
vin di mwen: Vini non. Mwen pral fè ou wè ki jan yo
pral peni gwo jennès la, gwo lavil ki bati nan mitan gwo
dlo yo. 2 Wa latè yo lage kò yo nan dezòd avè l': Tout
moun ki rete sou latè te sou ak diven movèz vi li a. 3 Nan
vizyon an, mwen wè zanj lan pote m' ale nan yon dezè.
La, mwen wè yon fanm ki te chita sou yon bèt tou wouj.
Bèt la te gen sèt tèt ak dis kòn. Tout kò l' te kouvri ak mo
ki te jouman pou Bondye. 4 Fanm lan te gen yon rad swa
mòv ak wouj san sou li. Li te chaje ak bijou fèt an lò, ak
piè tout koulè ansanm ak bèl grenn pèl. Li te kenbe nan
men l' yon gode fèt an lò ki te plen ak madichon ansanm
ak vie bagay sal lavi jennès li a. 5 Te gen yon non ekri sou
fwon li ki te gen yon sans kache: Gwo Babilòn, manman
jennès yo ansanm ak tout bagay sal k'ap fèt sou latè. 6
Mwen wè fanm lan te sou tèlman li te bwè san moun k'ap
sèvi Bondye yo ak san tout moun yo te touye paske yo te
pran pozisyon pou Jezi. Lè m' wè l', mwen te sezi anpil. 7
Men, zanj lan di mwen: Poukisa ou sezi konsa? Mwen
pral ba ou yon sekrè, mwen pral fè ou konnen ki sans
pou ou bay fanm lan ansanm ak bèt k'ap pòte l' la, bèt ki
gen sèt tèt ak dis kòn lan. 8 Bèt ou wè a te vivan yon lè.
Koulye a li pa vivan ankò. Li gen pou l' moute soti nan
gwo twou san fon an, apre sa pou li al mouri nèt. Moun ki
rete sou latè ki pa t' gen non yo ekri depi lè Bondye t'ap
kreye tout bagay nan liv ki gen non moun ki gen lavi a, yo
pral sezi anpil lè y'a wè bèt la. Paske li te vivan nan tan
lontan, koulye a li pa la, men li gen pou l' parèt ankò.
(Abyssos g12) 9 Se koulye a pou moun fè wè yo gen lespri
ak bon konprann. Sèt tèt yo, se sèt ti mòn kote fanm lan
chita a. Se sèt wa tou yo ye. 10 Senk ladan yo gen tan
tonbe, yonn ap gouvènen koulye a, dènye a poko vini. Lè
la vini, li p'ap la pou lontan. 11 Bèt la menm ki te vivan
nan tan lontan men ki pa la koulye a, se yon witièm wa. Li
fè yonn ak sèt premie yo, li pral fin pèdi tèt li nèt. 12 Dis
kòn ou wè yo, se dis lòt wa ki poko konmanse gouvènen.
Men, y'ap resevwa pouvwa pou yo gouvènen tankou wa
pandan yon ti tan ansanm ak bèt la. 13 Yo toulèdis gen
menm lide nan tèt yo, y'ap renmèt pouvwa yo ak otorite
yo bay bèt la. 14 Y'a goumen kont ti Mouton an. Men,
ti Mouton an va kraze yo, paske li Chèf tout chèf, li Wa
tout wa. Li va kraze yo avèk moun pa l' yo, moun Bondye
te rele, moun li te chwazi, moun ki kenbe fèm ak li. 15
Zanj lan di m' ankò: Ou te wè jennès la chita nan mitan
anpil gwo dlo. Dlo sa yo se pèp, se foul moun, yon bann
nasyon ki pale tout lang. 16 Dis kòn ou te wè ansanm ak
bèt la, yo pral rayi fanm movèz vi a: y'a pran tou sa l'
genyen, y'a kite l' toutouni, y'a manje viann li, y'a boule l'
nan dife. 17 Bondye mete nan kè yo lide pou yo fè sa li
menm li vle, pou yo tout tonbe dakò fè menm bagay, pou
yo renmèt pouvwa yo kòm wa nan men bèt la, jouk tan
pawòl Bondye yo va rive vre. 18 Pou fini, fanm ou te wè
a, sè gwo lavil k'ap donminen sou tout wa ki sou latè yo.

18 Apre sa, mwen wè yon lòt zanj desann soti nan
sièl la. Li te gen gwo pouvwa nan men li. Li te klere
byen bèl, li klere tout latè. 2 Li t'ap pale byen fò, li t'ap di
konsa: Li tonbe! Gwo lavil Babilòn lan tonbe! Koulye a, se
la denmon rete. Se la tout kalite move lespri al kache kò
yo. Se la tout kalite vie zwazo ki pa bon pou moun k'ap
sèvi Bondye, zwazo moun fèt pou rayi, rete. 3 Paske, li fè
tout nasyon yo bwè nan diven l' lan, diven gwo imoralite
l' la. Wa latè yo lage kò yo nan dezòd ansanm avè li.
Tout kòmèsan latè yo rich sou tèt li, pou kantite lajan li
depanse nan banbòch. 4 Apre sa, mwen tande yon lòt
vwa ki t'ap soti nan sièl la, li t'ap di: Nou menm pèp mwen,
wete kò nou nan mitan lavil sa a, pou nou pa patisipe
nan peche l' yo, pou nou pa tonbe ansanm avè l' anba

kalamite ki pral frape li yo. **5** Paske, peche l' yo fè pil
sou pil rive jouk nan sièl la. Bondye chonje tou sa li fè ki
mal. **6** Se pou n' aji avè l' menm jan li te aji avèk nou.
Pou tou sa li fè yo, n'a peye l' de fwa lavalè. Plen gode
l' ak yon gwòg de fwa pi fò pase sa l' te pare pou nou
an. **7** Jan li fè lwanj tèt li, jan li pran plezi l', se konsa tou
pou n' fè l' soufri, pou nou ba l' anpil lapenn. Li t'ap di
nan kè l': Kote m' chita a, se larenn mwen ye. Mwen pa
pèdi mari m', mwen p'ap janm gen lapenn. **8** Se poutèt
sa, tout kalamite l' yo ap tonbe sou li yon sèl jou: gwo
maladi, lapenn ak grangou. Dife ap boule li nèt. Paske,
Bondye k'ap jije l' la se yon Mèt ki gen pouvwa. **9** Tout wa
latè ki te lage kò yo nan fè imoralite ak nan pran plezi
avè l' yo pral rele, yo pral kriye, yo pral plenn sò lavil la,
lè y'a wè lafimen dife k'ap boule l' la. **10** Y'a rete byen
lwen tèlman yo pral pè l' y'a wè jan li pral soufri a. Y'a di
konsa: Gade yon malè! Ala malè pou gwo lavil la! Ou
menm Babilòn, lavil ki fò a, yon sèl moman kont pou peni
ou! **11** Kòmèsan latè yo tou t'ap rele, yo t'ap kriye pou li,
paske pa t' gen pesonn ankò pou achte machandiz yo: **12**
lò, ajan, bèl piè ki koute chè ak bèl grenn pèl, bèl twal fen,
twal koulè violèt, twal koulè wouj, bèl swa, tout kalite bèl
bwa ki santi bon, tout kalite bagay ki fèt an ivwa, an bwa
ki koute chè, an asie, an fè ak an mab, **13** kannèl, epis,
odè, mir ak lansan, diven ak lwil, farin frans ak diri, bèf
ak mouton, chwal ak bèl cha pou moun woule, esklav
ak nanm moun. **14** Kòmèsan yo t'ap di lavil la: Tout bèl
machandiz ou te vle genyen yo disparèt lakay ou. Ou pèdi
tout richès ou yo ak tout bèl bagay ou te gen an kantite.
Ou p'ap janm jwenn yo ankò! **15** Kòmèsan ki te fin rich
nan fè kòmès nan lavil la va rete byen lwen, tèlman yo
pral pè jan li pral soufri a. Y'a plenn sò li, y'a kriye, **16** y'a
di: Gade yon malè! Ala malè pou gwo lavil la! Pou jan li te
abiye ak twal koulè violèt, twal fin koulè wouj! Pou jan l' te
chaje ak bijou an lò, ak bèl piè ki koute chè ak bèl grenn
pèl! **17** Yon sèl moman kont pou l' te pèdi tout richès sa
yo! Tout kaptenn bato ak pasaje yo, marin yo ansanm ak
tout moun k'ap chache lavi yo sou lanmè, yo tout te rete
byen lwen. **18** Lè yo wè lafimen dife ki t'ap boule lavil la,
yo pran rele: pa t' gen okenn lòt lavil ki te tankou gwo lavil
sa a! **19** Yo pran tè jete sou tèt yo, yo t'ap kriye, yo t'ap
plenn, yo t'ap rele: Gade yon malè! Ala malè pou gwo lavil
la! Tout moun ki gen bato sou lanmè te fin rich ak richès li
yo. Nan yon sèl moman li pèdi tout sa l' te genyen! **20** Ou
menm, sièl la, ou mèt kontan pou sa ki rive lavil la! Nou
menm pèp Bondye a, apòt yo, pwofèt yo, nou mèt kontan
tou! Paske, Bondye peni li pou sa l' te fè nou. **21** Lè sa a,
yon zanj ki te gwonèg anpil pran yon wòch gwosè yon wòl
moulen, li jete l' nan lanmè a. Li di: Se konsa yo pral jete
gwo lavil Babilòn lan atè ak fòs. Pesonn p'ap janm wè l'
ankò. **22** Yo p'ap janm tande mizik mizisyen ki konn jwe
gita, fif ak klewon lakay ou. Yo p'ap jwenn okenn ouvriye
pou fè okenn metie. Yo p'ap tande bri moulen mayi yo
ankò. **23** Okenn lanp p'ap janm klere lakay ou ankò. Yo
p'ap janm tande vwa lemarie ak lamarye ankò. Kòmèsan
ou yo, se yo ki te pi grannèg sou latè. Avèk maji ou yo, ou
te twonpe tout nasyon yo. **24** Yo peni Babilòn, paske se la
yo te jwenn san pwofèt yo ak san pèp Bondye a, ansanm
ak san tout moun yo te touye sou latè.

19 Apre sa, mwen tande yon bri tankou vwa yon gwo
foul moun nan sièl la ki t'ap pale byen fò. Yo t'ap di:
Lwanj pou Bondye nou an! Se li menm ki delivre nou.
Tout onè, tout pouvwa se pou li. **2** Li jije dapre laverite
san patipri. Li kondannen gwo jennès ki t'ap pèvèti latè ak
imoralite l' la. Li peni l' byen peni, paske li te mete san
sèvitè Bondye yo deyò, li te touye yo. **3** Yo t'ap di ankò:
Lwanj pou Bondye! Paske lafimen dife k'ap boule gwo lavil
la ap moute pou tout tan. **(aiōn g165)** **4** Vennkat granmoun
yo ak kat bèt vivan yo tonbe ajenou, yo adore Bondye ki
te chita sou fòtèy la. Yo t'ap di: Amèn. Lwanj pou Bondye
nou an! **5** Yon vwa pale bò kot fòtèy la, li t'ap di: Ann fè
lwanj Bondye nou an, nou tout k'ap sèvi l', nou tout ki gen
krentif pou li, piti kou gran! **6** Apre sa, mwen tande yon
bri tankou vwa yon gwo foul moun, tankou yon gwo dlo
k'ap tonbe nan yon kaskad, ou ankò tankou yon gwo kout
loraj. Mwen tande yo t'ap di: Lwanj pou Bondye! Paske
Mèt la, Bondye nou ki gen pouvwa a, ap gouvènen tankou
yon wa. **7** Ann fè kè nou kontan! Ann kontan anpil! Ann
chante pou li! Paske, lè a rive koulye a pou fete mariaj ti
Mouton an. Lamarye a pare. **8** Yo ba l' dwa abiye ak twal
fen, byen klere, byen pwòp. (Twal fin an, se tout bagay
pèp Bondye a te fè ki dwat devan Bondye.) **9** Zanj lan di
m': Ou mèt ekri: benediksyon pou tout moun ki envite nan
resepsyon mariaj ti Mouton an. Apre sa li di m': Pawòl sa
yo se pawòl Bondye tout bon. **10** Mwen lage kò m' atè
pou m' adore li. Men, li di m': Non, pa fè sa. Se sèvi m'ap
sèvi Bondye ansanm avè ou, ansanm ak tout frè ou yo ki
kenbe pawòl Jezi a byen fèm. Se Bondye pou ou adore.
Pawòl Jezi a, se li menm ki nan bouch pwofèt yo. **11** Apre
sa, mwen wè sièl la louvri, epi o! yon chwal blan parèt. Yo
te rele moun ki sou li a: Nonm serie ki pa nan bay manti.
L'ap jije, l'ap mennen batay la jan sa dwe fèt. **12** Je l' yo
klere tankou flanm dife. Li te gen yon bann kouwòn sou
tèt li. Li te gen yon non ekri. Se li menm sèl ki te konnen
non sa a, pesonn dòt pa t' konnen li. **13** Li te gen yon rad
benyen nan san. Yo rele l' pawòl Bondye. **14** Lame ki nan
sièl la t'ap swiv li. Yo tout te moute sou chwal blan, yo te
abiye ak bèl rad twal fen, byen klere, byen pwòp. **15** Yon
nepe byen file t'ap soti nan bouch kavalie a. Se ak nepe
sa a li t'ap frape nasyon yo. Li t'ap mennen yo ak yon
baton fè. Li t'ap kraze rezen yo nan moulen diven gwo
kòlè Bondye ki gen tout pouvwa a. **16** Sou rad li ak sou
janm li yo te ekri non sa a: Wa tout wa yo, Chèf tout chèf
yo. **17** Apre sa, mwen wè yon zanj kanpe nan solèy la. Li
t'ap pale ak tout zwezo k'ap vole nan sièl la, li t'ap di yo
byen fò: Vini. Nou tout, sanble pou gwo manje resepsyon
Bondye a. **18** vin manje viann wa yo ak viann jeneral yo,
viann sòlda yo, viann chwal yo ansanm ak viann kavalie
yo, viann tout moun, esklav kou lib, piti kou gran. **19** Apre

sa, mwen wè bèt la ansanm ak wa latè yo ak tout lame pa
yo. Yo te sanble pou yo te ka goumen kont moun ki te
moute sou chwal la ak tout lame pa l' la. 20 Yo fè bèt la
prizonie ansanm ak fo pwofèt ki te fè anpil mirak devan
l' lan. Se avèk mirak sa yo li te rive twonpe moun ki te
resevwa mak bèt la, ki t'ap adore estati l' la. Yo jete bèt la
ak fo pwofèt la tou vivan nan gwo letan dife kote y'ap
boule souf la. **(Limnē Pyr g3041 g4442)** 21 Nepe ki t'ap soti
nan bouch moun ki te moute sou chwal la te touye tout lòt
yo. Tout zwezo yo te manje viann plen vant yo.

20 Apre sa, mwen wè yon zanj desann soti nan sièl
la. Li te kenbe kle gwo twou san fon an nan men
l' ansanm ak yon gwo chenn. **(Abyssos g12)** 2 Li pran
dragon an, sèpan ki la depi lontan an, sa yo rele diab la,
osinon Satan, li mete l' nan chenn pou mil (1.000) an. 3
Zanj lan voye l' jete nan gwo twou san fon an, li fèmen
twou a akle, epi li poze sele sou li. Konsa, dragon an p'ap
kapab pran tèt nasyon yo toutotan mil (1.000) lanne pa fin
pase. Apre sa, yo gen pou yo lage l' ankò pou yon ti tan.
(Abyssos g12) 4 Lè sa a, mwen wè yon bann fòtèy. Moun
ki te chita sou fòtèy yo te resevwa pouvwa rann jijman.
Anmenmtan an tou, mwen wè nanm moun yo te koupe
tèt yo paske yo t'ap bay verite Jezi te fè nou konnen an
ansanm ak pawòl Bondye a. Moun sa yo te refize adore
ni bèt la, ni estati l' la. Yo pa t' resevwa mak bèt la sou
fwon yo ni sou men yo. Yo leve soti vivan nan lanmò. Y'ap
gouvènen avèk Kris la pandan mil (1.000) an. 5 (Lòt mò
yo pa t' leve soti vivan nan lanmò toutotan mil (1.000) an
pa pase.) Se sa yo rele premie leve vivan soti nan lanmò
a. 6 Benediksyon pou moun k'ap patisipe nan premie
leve vivan soti nan lanmò sa a! Yo se moun Bondye vre.
Dezyèm lanmò a p'ap gen pouvwa sou yo. Yo pral sèvi
Bondye ak Kris la tankou prèt. Yo pral gouvènen avè l'
pandan mil (1.000) lanne. 7 Lè mil (1.000) lanne yo va
fin pase, y'a lage Satan soti nan prizon an. 8 Lè sa a,
la mache twonpe tout nasyon toupatou sou latè, Gòg
ak Magòg. La sanble yo pou l' ka mennen yo goumen.
Y'ap anpil anpil, tankou grenn sab bò lanmè. 9 Yo mache
sou tout latè, yo sènen kote pèp Bondye a te ye a, lavil
Bondye renmen an. Men, dife desann soti nan sièl la, li
disparèt yo. 10 Lè sa a, yo pran Satan ki te alatèt yo, yo
jete l' nan lètan dife ak souf la, menm kote yo te deja jete
bèt la ak fo pwofèt la. Yo pral soufri anpil, lajounen kou
lannwit pou tout tan. **(aiōn g165, Limnē Pyr g3041 g4442)** 11
Apre sa, mwen wè yon gwo fòtèy blan ak moun ki te chita
sou li a. Sièl la ak tè a pran kouri devan l', yo disparèt nèt
ale. 12 Apre sa, mwen wè tout moun ki te mouri yo, gran
kou piti, kanpe devan fòtèy la. Yo louvri yon bann liv. Apre
sa, yo louvri liv ki gen non moun ki gen lavi yo. Yo jije tout
moun mouri yo dapre sa yo te fè, dapre sa ki te ekri nan
liv yo. 13 Lanmè a renmèt tout moun mouri ki te nan fon
li. Lanmò ak kote mò yo ye a renmèt tout mò ki te nan
men yo. Yo jije tout mò sa yo dapre sa yo te fè. **(Hadēs
g86)** 14 Apre sa, yo jete lanmò ansanm ak kote mò yo ye
a nan letan dife a. (Letan dife sa a, se li menm ki dezyèm
lanmò a). **(Hadēs g86, Limnē Pyr g3041 g4442)** 15 Tout moun
ki pa t' gen non yo ekri nan liv ki gen non moun ki gen lavi
a, yo jete yo nan letan dife a tou. **(Limnē Pyr g3041 g4442)**

21 Apre sa, mwen wè yon lòt sièl ak yon lòt latè.
Premie sièl la ak premie latè a te disparèt. pa t' gen
okenn lanmè ankò. 2 Apre sa, mwen wè lavil Bondye a,
lòt Jerizalèm nèf lan, ki t'ap desann soti bò kot Bondye ye
nan sièl la. Li te byen abiye, li te pare tankou yon lamarye
ki pral kontre fiyanse li. 3 Mwen tande yon vwa ki t'ap soti
bò fòtèy la, li t'ap di byen fò: Koulye a, kay Bondye a se
nan mitan moun l'ap ye. L'ap rete nan mitan yo, lèzòm ap
yon pèp pou li. Se Bondye menm k'ap viv avèk yo, li va
Bondye pou yo. 4 Li gen pou l' cheche tout dlo nan je yo.
p'ap gen lanmò ankò, yo p'ap nan lapenn ankò, yo p'ap
janm plenyen ankò, yo p'ap janm soufri ankò. Tout vie
bagay sa yo pral disparèt. 5 Lè sa a, moun ki te chita
sou fòtèy la di: Koulye a, mwen fè tout bagay vin nèf.
Apre sa li di mwen: Ou mèt ekri sa, paske pawòl mwen se
pawòl ki vre, pawòl tout moun dwe kwè. 6 Apre sa li di
ankò: Bon. Tout bagay fin fèt. Mwen se A ak Z, mwen se
konmansman, mwen se finisman. Si yon moun swaf dlo,
m'a ba li bwè dlo gratis nan sous dlo ki bay lavi a. 7 Se sa
moun ki va genyen batay la va resevwa nan men m'. M'a
va Bondye yo, y'a va pitit mwen. 8 Men, pou moun ki lach
yo, moun ki pa kenbe pawòl yo, ansasen yo, bann moun
deprave yo, moun k'ap fè maji yo, moun k'ap adore zidòl
ansanm ak moun k'ap bay manti, plas yo se nan letan dife
ak souf k'ap boule a yo ye. Se sa yo rele dezyèm lanmò
a. **(Limnē Pyr g3041 g4442)** 9 Yonn nan sèt zanj ki te kenbe
sèt gode plen ak sèt dènye kalamite yo vin di mwen: Vini
non. Mwen pral moutre ou lamarye a, fiyanse ti Mouton
an. 10 Nan vizyon an, mwen wè zanj lan mennen m'
sou tèt yon mòn byen wo. Li moutre m' lavil Bondye a,
Jerizalèm ki desann soti bò kote Bondye ye nan sièl la. 11
Li te klere byen bèl ak limiè prezans Bondye a. Lavil la te
klere tankou yon piè bijou ki koute chè anpil, tankou yon
piè jasp klè kou kristal. 12 Li te gen yon gwo miray byen
wo avèk douz pòtay. Te gen yon zanj nan chak pòtay pou
veye yo. Sou pòtay yo, yo te ekri non douz branch fanmi
pèp Izrayèl la. 13 Te gen twa pòtay sou chak kote: twa
pòtay sou bò lès, twa pòtay sou bò nò, twa pòtay sou bò
sid, twa pòtay sou bò lwès. 14 Miray la te kanpe sou douz
gwo wòch. Yo te ekri non douz apòt ti Mouton an sou
wòch yo. 15 Zanj ki t'ap pale avè m' lan te gen yon baton
pou mezire nan men li, yon baton wozo fèt an lò, pou
l' te pran mezi lavil la, mezi pòtay yo ak mezi miray la.
16 Lavil la te tankou yon bwat kare, longè l' te menm ak
lajè li. Zanj lan mezire lavil la ak baton wozo l' la. Lavil la
gen demildesan (2.200) kilomèt longè. Lajè l' ak wotè l' te
menm ak longè li. 17 Zanj lan mezire miray la: miray la te
gen swasanndouz (72) mèt sou wotè, dapre mezi òdenè li
t'ap sèvi a. 18 Miray la te bati an jasp. Lavil la menm te an
bon lò, li te klere kou kristal. 19 Gwo wòch fondasyon

miray lavil la te byen òne ak tout kalite piè bijou gwo pri.
Premie wòch la te an jasp, dezyèm lan an safi, twazièm
lan an agat, katriyèm lan an emwòd, 20 senkièm lan an
oniks, sizièm lan an sadwan, setièm lan an krizolit, witièm
lan an beril, nevièm lan an topaz, dizyèm lan an krizopraz,
onzièm lan an tikwaz, douzyèm lan an ametis. 21 Douz
pòtay yo te douz bèl grenn pèl. Chak pòtay yo te fèt ak
yon sèl grenn pèl. Tout lari nan lavil la te fèt an bon lò, klè
kou kristal. 22 Mwen pa t' wè tanp nan lavil la, paske Mèt
la, Bondye ki gen tout pouvwa a, te tanp li ansanm ak ti
Mouton an. 23 Lavil la pa t' bezwen ni solèy, ni lalin pou
klere l' paske limiè prezans Bondye a te klere l' nèt, ti
Mouton an te tankou yon lanp pou li. 24 Gremesi limiè l' la,
tout nasyon ki sou latè va wè pou yo mache. Tout wa latè
yo va pote richès yo ba li. 25 Pòtay yo va rete louvri tout
lajounen. Men, paske la p'ap janm fè nwit, pòtay yo p'ap
janm fèmen. 26 Tout richès nasyon yo ansanm ak tout bèl
bagay yo genyen va anpile nan lavil la. 27 Men, anyen ki
pa bon pou sèvis Bondye p'ap antre nan lavil la. Ni yo
p'ap kite moun k'ap fè bagay ki bay degoutans, moun k'ap
bay manti, mete pie yo nan lavil la. Moun ki va antre nan
lavil la, se sèlman moun ki gen non yo ekri nan liv ki nan
men ti Mouton an, liv ki gen non moun ki gen lavi a.

22 Apre sa, zanj lan moutre m' yon gwo larivyè dlo ki
t'ap koule soti anba fòtèy kote Bondye ak ti Mouton
an te chita a. Se dlo sa a ki bay lavi. 2 Li t'ap koule nan
mitan granri lavil la. Sou de bò riviè a, te gen piebwa ki
bay lavi a. Li donnen douz fwa nan lanne. Li donnen chak
mwa. Se ak fèy li yo yo fè renmèd pou geri nasyon yo. 3
p'ap gen anyen nan lavil la k'ap tonbe anba madichon
Bondye. Fòtèy Bondye ak ti Mouton an va nan mitan lavil
la. Tout sèvitè yo va adore li. 4 Y'a parèt devan l'. Y'a gen
non l' make sou fwon yo. 5 p'ap janm fè nwit ankò. Moun
yo p'ap bezwen ni limiè lanp ni limiè solèy, paske Mèt la,
Bondye, va klere yo, li va yon limiè pou yo. Lè sa a y'a
gouvènen pou tout tan. (aiōn g165) 6 Apre sa, zanj lan di
mwen: Pawòl sa yo se verite. Tout moun dwe kwè yo.
Bondye Mèt la, li menm ki mete pawòl li nan bouch pwofèt
yo, se li menm ki voye zanj li a vin moutre sèvitè l' yo sa
ki pral rive anvan lontan. 7 Jezi di: Koute, m'ap vini talè
konsa. Benediksyon pou moun ki koute pawòl Bondye ki
nan liv sa a. 8 Mwen menm Jan, mwen tande bagay sa
yo, mwen wè yo. Apre mwen fin tande yo, apre mwen fin
wè yo, mwen tonbe ajenou nan pie zanj ki te fè m' wè yo
a pou m' adore li. 9 Men, li di mwen: Non pa fè sa. Se
sèvi m'ap sèvi Bondye ansanm avè ou, ansanm ak tout
frè ou yo ki pwofèt Bondye, ansanm ak tout moun k'ap
obeyi pawòl ki nan liv sa a. Se Bondye pou ou adore.
10 Apre sa, li di mwen: Pa sere pawòl Bondye ki nan liv
sa a. Paske, anvan lontan tout bagay sa yo pral rive. 11
Mechan yo mèt plede ap fè toujou sa ki mal. Moun ki pa
nan kondisyon pou fè sèvis Bondye yo mèt kontinye fè sa
ki pa dakò ak sèvis Bondye. Moun ki bon yo mèt kontinye
fè sa ki byen. Moun k'ap viv pou Bondye yo mèt kontinye
viv pou Bondye. 12 Jezi di: Koute, m'ap vin talè konsa.
M'ap pote rekonpans m'ap bay la avè m', pou m' bay chak
moun sa yo merite dapre sa yo fè. 13 Se mwen menm ki
A ak Z, se mwen menm ki premie ak dènye, se mwen
menm ki konmansman ak finisman. 14 Benediksyon pou
moun ki lave rad yo, pou yo sa gen dwa manje fwi piebwa
ki bay lavi a, pou yo ka pase antre nan pòtay lavil la. 15
Men, mete nou deyò, bann chen, nou menm moun k'ap fè
maji, moun k'ap fè imoralite, ansasen, moun k'ap sèvi
zidòl, ansanm ak tout moun ki pa renmen verite a men ki
pito bay manti. 16 Mwen menm Jezi, mwen voye zanj
mwen an pou anonse nou bagay sa yo nan legliz yo.
Mwen soti nan ras David. Mwen se bèl zetwal k'ap klere
chak maten an. 17 Lespri Bondye a ansanm ak lamarye a
di: Vini non. Se pou tout moun ki tande sa di tou: Vini non.
Se pou tout moun ki swaf dlo vin bwè dlo. Se pou tout
moun ki vle ti gout nan dlo ki bay lavi a vin resevwa l'
gratis. 18 Mwen menm Jan, men sa m'ap di tout moun ki
tande pawòl Bondye ki nan liv sa a. Si yon moun mete
nan pawòl sa yo anyen ki pa t' ladan l', Bondye va mete
tout kalamite yo pale nan liv sa a sou chatiman li merite a.
19 Konsa tou, si yon moun wete anyen nan pawòl Bondye
ki nan liv sa a, Bondye va wete pòsyon ki ta pou li nan
piebwa ki bay lavi a ak nan lavil Bondye a, nan piebwa
ak lavil yo pale nan liv sa a. 20 Moun ki garanti verite
tout pawòl sa yo di: Wi, m'ap vin talè konsa! Amèn. Vini
non, Seyè Jezi! 21 Se pou benediksyon Seyè Jezi a rete
toujou la ak tout moun.



Apre sa, mwen wè lavil Bondye a, lòt Jerizalèm nèf lan, ki t'ap desann soti bò kot Bondye ye nan sièl la. Li te byen abiye, li te pare tankou yon lamarye ki pral kontre fiyanse li. Mwen tande yon vwa ki t'ap soti bò fòtèy la, li t'ap di byen fò: Koulye a, kay Bondye a se nan mitan moun l'ap ye. L'ap rete nan mitan yo, lèzòm ap yon pèp pou li. Se Bondye menm k'ap viv avèk yo, li va Bondye pou yo.

Revelasyon 21:2-3

Gid Lektè a

Kreyòl Ayisyen at AionianBible.org/Readers-Guide

The Aionian Bible republishes public domain and Creative Common Bible texts that are 100% free to copy and print. The original translation is unaltered and notes are added to help your study. The notes show the location of eleven special Greek and Hebrew Aionian Glossary words to help us better understand God's love for individuals and for all mankind, and the nature of afterlife destinies.

Who has the authority to interpret the Bible and examine the underlying Hebrew and Greek words? That is a good question! We read in 1 John 2:27, *"As for you, the anointing which you received from him remains in you, and you do not need for anyone to teach you. But as his anointing teaches you concerning all things, and is true, and is no lie, and even as it taught you, you remain in him."* Every Christian is qualified to interpret the Bible! Now that does not mean we will all agree. Each of us is still growing in our understanding of the truth. However, it does mean that there is no infallible human or tradition to answer all our questions. Instead the Holy Spirit helps each of us to know the truth and grow closer to God and each other.

The Bible is a library with 66 books in the Protestant Canon. The best way to learn God's word is to read entire books. Read the book of Genesis. Read the book of John. Read the entire Bible library. Topical studies and cross-referencing can be good. However, the safest way to understand context and meaning is to read whole Bible books. Chapter and verse numbers were added for convenience in the 16th century, but unfortunately they can cause the Bible to seem like an encyclopedia. The Aionian Bible is formatted with simple verse numbering, minimal notes, and no cross-referencing in order to encourage the reading of Bible books.

Bible reading must also begin with prayer. Any Christian is qualified to interpret the Bible with God's help. However, this freedom is also a responsibility because without the Holy Spirit we cannot interpret accurately. We read in 1 Corinthians 2:13-14, *"And we speak of these things, not with words taught by human wisdom, but with those taught by the Spirit, comparing spiritual things with spiritual things. Now the natural person does not receive the things of the Spirit of God, for they are foolishness to him, and he cannot understand them, because they are spiritually discerned."* So we cannot understand in our natural self, but we can with God's help through prayer.

The Holy Spirit is the best writer and he uses literary devices such as introductions, conclusions, paragraphs, and metaphors. He also writes various genres including historical narrative, prose, and poetry. So Bible study must spiritually discern and understand literature. Pray, read, observe, interpret, and apply. Finally, *"Do your best to present yourself approved by God, a worker who does not need to be ashamed, properly handling the word of truth."* 2 Timothy 2:15. *"God has granted to us his precious and exceedingly great promises; that through these you may become partakers of the divine nature, having escaped from the corruption that is in the world by lust. Yes, and for this very cause adding on your part all diligence, in your faith supply moral excellence; and in moral excellence, knowledge; and in knowledge, self-control; and in self-control patience; and in patience godliness; and in godliness brotherly affection; and in brotherly affection, love. For if these things are yours and abound, they make you to be not idle nor unfruitful to the knowledge of our Lord Jesus Christ,"* 2 Peter 1:4-8.

Glosè

Kreyòl Ayisyen at AionianBible.org/Glossary

The Aionian Bible un-translates and instead transliterates eleven special words to help us better understand the extent of God's love for individuals and all mankind, and the nature of afterlife destinies. The original translation is unaltered and a note is added to 64 Old Testament and 200 New Testament verses. Compare the meanings below to the Strong's Concordance and Glossary definitions.

Abyssos g12
Greek: proper noun, place
Usage: 9 times in 3 books, 6 chapters, and 9 verses
Meaning:
Temporary prison for special fallen angels such as Apollyon, the Beast, and Satan.

aïdios g126
Greek: adjective
Usage: 2 times in Romans 1:20 and Jude 6
Meaning:
Lasting, enduring forever, eternal.

aiōn g165
Greek: noun
Usage: 127 times in 22 books, 75 chapters, and 102 verses
Meaning:
A lifetime or time period with a beginning and end, an era, an age, the completion of which is beyond human perception, but known only to God the creator of the aiōns, Hebrews 1:2. Never meaning simple endless or infinite chronological time in Greek usage. Read Dr. Heleen Keizer and Ramelli and Konstan for proofs.

aiōnios g166
Greek: adjective
Usage: 71 times in 19 books, 44 chapters, and 69 verses
Meaning:
From start to finish, pertaining to the age, lifetime, entirety, complete, or even consummate. Never meaning simple endless or infinite chronological time in Koine Greek usage. Read Dr. Heleen Keizer and Ramelli and Konstan for proofs.

eleēsē g1653
Greek: verb, aorist tense, active voice, subjunctive mood, 3rd person singular
Usage: 1 time in this conjugation, Romans 11:32
Meaning:
To have pity on, to show mercy. Typically, the subjunctive mood indicates possiblity, not certainty. However, a subjunctive in a purpose clause is a resulting action as certain as the causal action. The subjunctive in a purpose clause functions as an indicative, not an optative. Thus, the grand conclusion of grace theology in Romans 11:32 must be clarified. God's mercy on all is not a possibility, but a certainty. See ntgreek.org.

Geenna g1067
Greek: proper noun, place
Usage: 12 times in 4 books, 7 chapters, and 12 verses
Meaning:
Valley of Hinnom, Jerusalem's trash dump, a place of ruin, destruction, and judgment in this life, or the next, though not eternal to Jesus' audience.

Hadēs g86
Greek: proper noun, place
Usage: 11 times in 5 books, 9 chapters, and 11 verses
Meaning:
Synonomous with Sheol, though in New Testament usage Hades is the temporal place of punishment for deceased unbelieving mankind, distinct from Paradise for deceased believers.

Limnē Pyr g3041 g4442
Greek: proper noun, place
Usage: Phrase 5 times in the New Testament
Meaning:
Lake of Fire, final punishment for those not named in the Book of Life, prepared for the Devil and his angels, Matthew 25:41.

Sheol h7585
Hebrew: proper noun, place
Usage: 66 times in 17 books, 50 chapters, and 64 verses
Meaning:
The grave or temporal afterlife world of both the righteous and unrighteous, believing and unbelieving, until the general resurrection.

Tartaroō g5020
Greek: proper noun, place
Usage: 1 time in 2 Peter 2:4
Meaning:
Temporary prison for particular fallen angels awaiting final judgment.

Glosè +

AionianBible.org/Bibles/Haitian---Haitian-Creole-Bible/Noted

Glossary references are below. Strong's Hebrew and Greek number notes are added to 64 Old Testament and 200 New Testament verses. Questioned verse translations do not contain Aionian Glossary words and may wrongly imply *eternal* or *Hell*. * The note placement is skipped or adjusted for verses with non-standard numbering.

Abyssos

Lik 8:31
Ròm 10:7
Revelasyon 9:1
Revelasyon 9:2
Revelasyon 9:11
Revelasyon 11:7
Revelasyon 17:8
Revelasyon 20:1
Revelasyon 20:3

aïdios

Ròm 1:20
Jid 1:6

aiōn

Matye 12:32
Matye 13:22
Matye 13:39
Matye 13:40
Matye 13:49
Matye 21:19
Matye 24:3
Matye 28:20
Mak 3:29
Mak 4:19
Mak 10:30
Mak 11:14
Lik 1:33
Lik 1:55
Lik 1:70
Lik 16:8
Lik 18:30
Lik 20:34
Lik 20:35
Jan 4:14
Jan 6:51
Jan 6:58
Jan 8:35
Jan 8:51
Jan 8:52
Jan 9:32
Jan 10:28
Jan 11:26
Jan 12:34
Jan 13:8
Jan 14:16
Travay 3:21
Travay 15:18
Ròm 1:25
Ròm 9:5
Ròm 11:36
Ròm 12:2
Ròm 16:27
1 Korint 1:20
1 Korint 2:6
1 Korint 2:7
1 Korint 2:8
1 Korint 3:18
1 Korint 8:13
1 Korint 10:11
2 Korint 4:4
2 Korint 9:9
2 Korint 11:31
Galasi 1:4
Galasi 1:5
Efèz 1:21
Efèz 2:2
Efèz 2:7
Efèz 3:9
Efèz 3:11
Efèz 3:21
Efèz 6:12
Filip 4:20
Kolòs 1:26
1 Timote 1:17
1 Timote 6:17
2 Timote 4:10
2 Timote 4:18
Tit 2:12
Ebre 1:2
Ebre 1:8
Ebre 5:6
Ebre 6:5
Ebre 6:20
Ebre 7:17
Ebre 7:21
Ebre 7:24
Ebre 7:28
Ebre 9:26
Ebre 11:3
Ebre 13:8
Ebre 13:21
1 Piè 1:23
1 Piè 1:25
1 Piè 4:11
1 Piè 5:11
2 Piè 3:18
1 Jan 2:17
2 Jan 1:2
Jid 1:13
Jid 1:25
Revelasyon 1:6
Revelasyon 1:18
Revelasyon 4:9
Revelasyon 4:10
Revelasyon 5:13
Revelasyon 7:12
Revelasyon 10:6
Revelasyon 11:15
Revelasyon 14:11
Revelasyon 15:7
Revelasyon 19:3
Revelasyon 20:10
Revelasyon 22:5

aiōnios

Matye 18:8
Matye 19:16
Matye 19:29
Matye 25:41
Matye 25:46
Mak 3:29
Mak 10:17
Mak 10:30
Lik 10:25
Lik 16:9
Lik 18:18
Lik 18:30
Jan 3:15
Jan 3:16
Jan 3:36
Jan 4:14
Jan 4:36
Jan 5:24
Jan 5:39
Jan 6:27
Jan 6:40
Jan 6:47
Jan 6:54
Jan 6:68

Jan 10:28
Jan 12:25
Jan 12:50
Jan 17:2
Jan 17:3
Travay 13:46
Travay 13:48
Ròm 2:7
Ròm 5:21
Ròm 6:22
Ròm 6:23
Ròm 16:25
Ròm 16:26
2 Korint 4:17
2 Korint 4:18
2 Korint 5:1
Galasi 6:8
2 Tesalonik 1:9
2 Tesalonik 2:16
1 Timote 1:16
1 Timote 6:12
1 Timote 6:16
2 Timote 1:9
2 Timote 2:10
Tit 1:2
Tit 3:7
Filemon 1:15
Ebre 5:9
Ebre 6:2
Ebre 9:12
Ebre 9:14
Ebre 9:15
Ebre 13:20
1 Piè 5:10
2 Piè 1:11
1 Jan 1:2
1 Jan 2:25
1 Jan 3:15
1 Jan 5:11
1 Jan 5:13
1 Jan 5:20
Jid 1:7
Jid 1:21
Revelasyon 14:6

eleēsē

Ròm 11:32

Geenna

Matye 5:22
Matye 5:29
Matye 5:30
Matye 10:28
Matye 18:9
Matye 23:15
Matye 23:33
Mak 9:43
Mak 9:45
Mak 9:47
Lik 12:5
Jak 3:6

Hadēs

Matye 11:23
Matye 16:18
Lik 10:15
Lik 16:23
Travay 2:27
Travay 2:31
1 Korint 15:55
Revelasyon 1:18
Revelasyon 6:8
Revelasyon 20:13
Revelasyon 20:14

Limnē Pyr

Revelasyon 19:20
Revelasyon 20:10
Revelasyon 20:14
Revelasyon 20:15
Revelasyon 21:8

Sheol

Jenèz 37:35
Jenèz 42:38
Jenèz 44:29
Jenèz 44:31
Resansman 16:30
Resansman 16:33
Deteronòm 32:22
1 Samyèl 2:6
2 Samyèl 22:6
1 Wa 2:6
1 Wa 2:9
Jòb 7:9
Jòb 11:8
Jòb 14:13
Jòb 17:13
Jòb 17:16
Jòb 21:13
Jòb 24:19
Jòb 26:6
Sòm 6:5
Sòm 9:17
Sòm 16:10
Sòm 18:5
Sòm 30:3
Sòm 31:17
Sòm 49:14
Sòm 49:15
Sòm 55:15
Sòm 86:13
Sòm 88:3
Sòm 89:48
Sòm 116:3
Sòm 139:8
Sòm 141:7
Pwovèb 1:12
Pwovèb 5:5
Pwovèb 7:27
Pwovèb 9:18
Pwovèb 15:11
Pwovèb 15:24
Pwovèb 23:14
Pwovèb 27:20
Pwovèb 30:16
Eklezyas 9:10
Chante Salomon 8:6
Ezayi 5:14
Ezayi 7:11
Ezayi 14:9
Ezayi 14:11
Ezayi 14:15
Ezayi 28:15
Ezayi 28:18
Ezayi 38:10
Ezayi 38:18
Ezayi 57:9
Ezekyèl 31:15
Ezekyèl 31:16
Ezekyèl 31:17
Ezekyèl 32:21
Ezekyèl 32:27
Oze 13:14
Amòs 9:2
Jonas 2:2
Abakouk 2:5

Tartaroō

2 Piè 2:4

Questioned

Mak 9:44
Mak 9:46



Se paske Abraram te gen konfyans nan Bondye kifè li te obeyi lè Bondye te rele l' la. Li pati pou peyi Bondye tapral ba li pou pòsyon eritaj pa li. Li leve, li kite peyi l' la, san l' pa t' konnen ki bò li taprale. - Ebre 11:8



Lè farawon an kite pèp Izrayèl la pati, Bondye pa mennen yo nan wout ki pase bò lanmè a pou ale nan peyi moun Filisti yo, atout se wout sa a ki te pi kout, paske Bondye te di: Mwen pa vle pou pèp la gen remò pou yo kase tèt tounen nan peyi Lejip la ankò, lè y'a wè batay yo gen pou yo fè. - Egzòd 13:17



Paske, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen pa vini pou moun rann mwen sèvis, men mwen vini pou m' rann moun sèvis.
Wi, mwen vin bay lavi m' pou peye delivrans anpil moun. - Mak 10:45

Se mwen menm Pòl, sèvitè Jezikri, yon nonm Bondye rele pou sèvi li apòt, yon nonm li mete apa pou anonse bon nouvèl li a, - Ròm 1:1

Creation 4004 B.C.

Adam and Eve created	4004
Tubal-cain forges metal	3300
Enoch walks with God	3017
Methuselah dies at age 969	2349
God floods the Earth	2349
Tower of Babel thwarted	2247
Abraham sojourns to Canaan	1922
Jacob moves to Egypt	1706
Moses leads Exodus from Egypt	1491
Gideon judges Israel	1245
Ruth embraces the God of Israel	1168
David installed as King	1055
King Solomon builds the Temple	1018
Elijah defeats Baal's prophets	896
Jonah preaches to Nineveh	800
Assyrians conquer Israelites	721
King Josiah reforms Judah	630
Babylonians capture Judah	605
Persians conquer Babylonians	539
Cyrus frees Jews, rebuilds Temple	537
Nehemiah rebuilds the wall	454
Malachi prophecies the Messiah	416
Greeks conquer Persians	331
Seleucids conquer Greeks	312
Hebrew Bible translated to Greek	250
Maccabees defeat Seleucids	165
Romans subject Judea	63
Herod the Great rules Judea	37

(The Annals of the World, James Uusher)

Jesus Christ born 4 B.C.

New Heavens and Earth

	Christ returns for his people
1956	Jim Elliot martyrd in Ecuador
1830	John Williams reaches Polynesia
1731	Zinzendorf leads Moravian mission
1614	Japanese kill 40,000 Christians
1572	Jesuits reach Mexico
1517	Martin Luther leads Reformation
1455	Gutenberg prints first Bible
1323	Franciscans reach Sumatra
1276	Ramon Llull trains missionaries
1100	Crusades tarnish the church
1054	The Great Schism
997	Adalbert marytyrd in Prussia
864	Bulgarian Prince Boris converts
716	Boniface reaches Germany
635	Alopen reaches China
569	Longinus reaches Alodia / Sudan
432	Saint Patrick reaches Ireland
397	Carthage ratifies Bible Canon
341	Ulfilas reaches Goth / Romania
325	Niceae proclaims God is Trinity
250	Denis reaches Paris, France
197	Tertullian writes Christian literature
70	Titus destroys the Jewish Temple
61	Paul imprisoned in Rome, Italy
52	Thomas reaches Malabar, India
39	Peter reaches Gentile Cornelius
33	Holy Spirit empowers the Church

(Wikipedia, Timeline of Christian missions)

Resurrected 33 A.D.

What are we?			Genesis 1:26 - 2:3	
How are we sinful?			Romans 5:12-19	
Where are we?			Innocence	
			Eternity Past	Creation 4004 B.C.
Who are we?	God	Father	John 10:30 God's perfect fellowship	Genesis 1:31 God's perfect fellowship with Adam in The Garden of Eden
		Son		
		Holy Spirit		
	Mankind	Living	Genesis 1:1 No Creation No people	
		Deceased believing		
		Deceased unbelieving		
	Angels	Holy		Genesis 1:31 No Fall No unholy Angels
		Imprisoned		
		Fugitive		
		First Beast		
		False Prophet		
		Satan		
Why are we?			Romans 11:25-36, Ephesian 2:7	

Mankind is created in God's image, male and female He created us

Sin entered the world through Adam and then death through sin

When are we?

<table>
<tr><td colspan="4">Fallen</td><td>Glory</td></tr>
<tr><td>Fall to sin
No Law</td><td>Moses' Law
1500 B.C.</td><td>Christ
33 A.D.</td><td>Church Age
Kingdom Age</td><td>New Heavens
and Earth</td></tr>
<tr><td colspan="4">1 Timothy 6:16
Living in unapproachable light</td><td rowspan="7">Acts 3:21
Philippians 2:11
Revelation 20:3

God's perfectly restored fellowship with all Mankind praising Christ as Lord in the Holy City</td></tr>
<tr><td colspan="2">John 8:58
Pre-incarnate</td><td>John 1:14
Incarnate</td><td>Luke 23:43
Paradise</td></tr>
<tr><td colspan="2">Psalm 139:7
Everywhere</td><td colspan="2">John 14:17
Living in believers</td></tr>
<tr><td colspan="4">Ephesians 2:1-5
Serving the Savior or Satan on Earth</td></tr>
<tr><td colspan="4">Luke 16:22
Blessed in Paradise</td></tr>
<tr><td colspan="4">Luke 16:23, Revelation 20:5,13
Punished in Hades until the final judgment</td></tr>
<tr><td colspan="4">Hebrews 1:14
Serving mankind at God's command</td></tr>
<tr><td colspan="4">2 Peter 2:4, Jude 6
Imprisoned in Tartarus</td><td rowspan="4">Matthew 25:41
Revelation 20:10

Lake of Fire prepared for the Devil and his Angels</td></tr>
<tr><td rowspan="3" colspan="3">1 Peter 5:8, Revelation 12:10

Rebelling against Christ
Accusing mankind</td><td>Revelation 20:13
Thalaasa</td></tr>
<tr><td>Revelation 19:20
Lake of Fire</td></tr>
<tr><td>Revelation 20:2
Abyss</td></tr>
</table>

For God has bound all over to disobedience in order to show mercy to all

Destine

Kreyòl Ayisyen at AionianBible.org/Destiny

The Aionian Bible shows the location of eleven special Greek and Hebrew Aionian Glossary words to help us better understand God's love for individuals and for all mankind, and the nature of after-life destinies. The underlying Hebrew and Greek words typically translated as *Hell* show us that there are not just two after-life destinies, Heaven or Hell. Instead, there are a number of different locations, each with different purposes, different durations, and different inhabitants. Locations include 1) Old Testament *Sheol* and New Testament *Hadēs*, 2) *Geenna*, 3) *Tartaroō*, 4) *Abyssos*, 5) *Limnē Pyr*, 6) *Paradise*, 7) *The New Heaven*, and 8) *The New Earth*. So there is reason to review our conclusions about the destinies of redeemed mankind and fallen angels.

The key observation is that fallen angels will be present at the final judgment, 2 Peter 2:4 and Jude 6. Traditionally, we understand the separation of the Sheep and the Goats at the final judgment to divide believing from unbelieving mankind, Matthew 25:31-46 and Revelation 20:11-15. However, the presence of fallen angels alternatively suggests that Jesus is separating redeemed mankind from the fallen angels. We do know that Jesus is the helper of mankind and not the helper of the Devil, Hebrews 2. We also know that Jesus has atoned for the sins of all mankind, both believer and unbeliever alike, 1 John 2:1-2. Deceased believers are rewarded in Paradise, Luke 23:43, while unbelievers are punished in Hades as the story of Lazarus makes plain, Luke 16:19-31. Yet less commonly known, the punishment of this selfish man and all unbelievers is before the final judgment, is temporal, and is punctuated when Hades is evacuated, Revelation 20:13. So is there hope beyond Hades for unbelieving mankind? Jesus promised, *"the gates of Hades will not prevail,"* Matthew 16:18. Paul asks, *"Hades where is your victory?"* 1 Corinthians 15:55. John wrote, *"Hades gives up,"* Revelation 20:13.

Jesus comforts us saying, *"Do not be afraid,"* because he holds the keys to *unlock* death and Hades, Revelation 1:18. Yet too often our *Good News* sounds like a warning to *"be afraid"* because Jesus holds the keys to *lock* Hades! Wow, we have it backwards! Hades will be evacuated! And to guarrantee hope, once emptied, Hades is thrown into the Lake of Fire, never needed again, Revelation 20:14.

Finally, we read that anyone whose name is not written in the Book of Life is thrown into the Lake of Fire, the second death, with no exit ever mentioned or promised, Revelation 21:1-8. So are those evacuated from Hades then, *"out of the frying pan, into the fire?"* Certainly, the Lake of Fire is the destiny of the Goats. But, do not be afraid. Instead, read the Bible's explicit mention of the purpose of the Lake of Fire and the identity of the Goats, *"Then he will say also to those on the left hand, 'Depart from me, you cursed, into the consummate fire which is prepared for... the devil and his angels,'"* Matthew 25:41. Bad news for the Devil. Good news for all mankind!

Faith is not a pen to write your own name in the Book of Life. Instead, faith is the glasses to see that the love of Christ for all mankind has already written our names in Heaven. *"If the first fruit is holy, so is the lump,"* Romans 11:16. Though unbelievers will suffer regrettable punishment in Hades, redeemed mankind will never enter the Lake of Fire, prepared for the devil and his angels. And as God promised, all mankind will worship Christ together forever, Philippians 2:9-11.



Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. - Matye 28:19